# Kàddug Yàlla

The Holy Bible in the Wolof language of Senegal, translated
by La Mission Baptiste du Sénégal

# Kàddug Yàlla

## The Holy Bible in the Wolof language of Senegal, translated by La Mission Baptiste du Sénégal
## La Sainte Bible en langue wolof du Sénégal, traduite par La Mission Baptiste du Sénégal

copyright © 2025 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Cette œuvre est mise à disposition sous licence Creative Commons Attribution - Pas d'Utilisation Commerciale - Pas de Modification 4.0 International (CC BY-NC-ND 4.0)
[] Vous êtes autorisé à :
Partager — copier, distribuer et communiquer le matériel par tous moyens et sous tous formats. L'Offrant ne peut retirer les autorisations concédées par la licence tant que vous appliquez les termes de cette licence.
Attribution — Vous devez créditer l'Œuvre, intégrer un lien vers la licence et indiquer si des modifications ont été effectuées à l'Oeuvre. Vous devez indiquer ces informations par tous les moyens raisonnables, sans toutefois suggérer que l'Offrant vous soutient ou soutient la façon dont vous avez utilisé son Oeuvre.
Pas d’Utilisation Commerciale — Vous n'êtes pas autorisé à faire un usage commercial de cette Oeuvre, tout ou partie du matériel la composant.
Pas de modifications — Dans le cas où vous effectuez un remix, que vous transformez, ou créez à partir du matériel composant l'Oeuvre originale, vous n'êtes pas autorisé à distribuer ou mettre à disposition l'Oeuvre modifiée.
Pas de restrictions complémentaires — Vous n'êtes pas autorisé à appliquer des conditions légales ou des mesures techniques qui restreindraient légalement autrui à utiliser l'Oeuvre dans les conditions décrites par la licence.
C'est un résumé (et non pas un substitut) de la licence. Pour voir une copie de cette licence, cliquez ici.
La Mission Baptiste du Sénégal a le plaisir de vous autoriser à utiliser toute portion tirée des Ecritures qui sont disponibles sur http://biblewolof.com et sur ces appli (l’œuvre), sous réserve que le crédit nous soit reconnu par écrit, avec la mention du nom de notre organisation (voir plus loin). Mais on ne peut la modifier de quelque façon que ce soit, ni l’utiliser à des fins commerciales, c’est à dire, de telles ressources ne peuvent être vendues à un prix supérieur au coût de la reproduction.
Cette licence n’autorise pas un mixage combinant les écritures en wolof avec vos propres ressources traduites en wolof. Si vous désirez faire un mixage, vous devez en obtenir l’autorisation, et pour cela nous exigeons un échantillon de traduction pour une préalable approbation de notre part. En effet des ressources mal traduites portent préjudice à la crédibilité des écritures.
De même, s’il s’agit d’enregistrements des écritures, nous exigeons des échantillons de la matière enregistrée, pour approbation préalable de notre part. En effet des voix marquées d’accent pourraient être dommageables à la crédibilité des écritures.
Pour demander la permission de faire quoi que ce soit en dehors du cadre de cette licence, contactez-nous.
Voici les déclarations de copyright à inclure dans l'œuvre:
**Écriture extraite de** (s’il s’agit d’une portion de livre)
Suivi de:
**Kàddug Yàlla gi © 2025 MBS**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode.fr
Vous pouvez aussi utiliser une forme abrégée:
(Nom du livre abrégé) **2025 MBS (NINEA: 20215410C9)**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode.fr
La politique de confidentialité se trouve ici.

---

This work is licensed under Creative Commons Attribution-NonCommercial-NoDerivatives 4.0 International (CC BY-NC-ND 4.0)
[] You are free to:
Share — copy and redistribute the material in any medium or format. The licensor cannot revoke these freedoms as long as you follow the license terms.
Attribution — You must give appropriate credit, provide a link to the license, and indicate if changes were made. You may do so in any reasonable manner, but not in any way that suggests the licensor endorses you or your use.
NonCommercial — You may not use the material for commercial purposes.
NoDerivatives — If you remix, transform, or build upon the material, you may not distribute the modified material.
No additional restrictions — You may not apply legal terms or technological measures that legally restrict others from doing anything the license permits.
This is a human-readable summary of (and not a substitute for) the license. To view a copy of this license, click here.
La Mission Baptiste du Sénégal is pleased to give you permission to use any of the scriptures on http://biblewolof.com and in these apps (hereafter referred to as the Work) as long as you give credit to MBS with a copyright notice, and you do not modify or mix the work, and do not sell materials at a price over the cost of reproduction.

In other words, you may download the Work and share it with others as long as you credit us, but you can’t change the Work in any way or use it commercially (for profit).
If we give you permission to do a re-mix (combining the scriptures in wolof with your own materials translated in wolof), we will ask for a sample translation or audio recording to approve first, before any distribution. Materials badly translated and voices with a foreign accent impair the credibility of the scriptures.
To ask permission to do anything outside the scope of this license, contact us.
Here are copyright statements to include with the work :
**Scripture citations taken from**(if it's only a portion of a book) followed by
**Kàddug Yàlla gi © 2025 MBS**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode
Or you may use a shortened form:
(Name of the book) **2025 MBS (NINEA: 20215410C9)**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode
You can read our privacy policy here.

---

Liggéey bii turu sañ-sañu jëfandikoom di « Creative Commons BY-NC-ND 4.0 » ; maye na ku ko yeb, fépp ci àddina, ci kaw way jefandiku ji wàccoo ak yii ndigal: BY = SM (dees na Seedeel boroom Moomeelam); NC = AJ (Amul Jaay); ND = AS (Amul Soppi). Ku bëgga gis sottib sañ sañu jëfandikoo bi, seet ko fii.
[] Mission Baptiste du Sénégal am na mbégtey may leen ngeen yeb, ak sotti, ak wasaare lu mu mana doon ci Kàddug Yàlla gi ci http://biblewolof.com, ak ci appli yii, ci kaw ngeen seedeel nu sunu moomeel (seetal ci suuf). Waaye dungeen ci mana soppi lenn, ak nu coppite ga mana tëdde, te ngeen bañ cee jaaye lenn ci njëg gu wees li leen sottib mbind mi dikke.
Su dee lu ngeen raxe (muy seen liggéeyu bopp bu ngeen tekki ci wolof, boole ko ak lenni kàddug Yàlla gi ci wolof), ba bëgg koo sotti ngir wasaare ko, war ngeen cee jëkka am sunu ndigal, te jox nu ci seenub tekki, lu tuut lu nu ko mana natte ba mu doy nu, ndax jumtukaay yu tekki bi awul yoon gàkkal na Mbind mu sell mi.
Jokkooleen ak nun, ngir sàkku ndigalu def lu mu mana doon, lu wees kemu sañ-sañu jëfoo.
Ba tey su dee lu ngeen jukkee ci kàddug Yàlla gi, ba def ko ay dégtal yu ngeen taataan, bëgg nanu ngeen sàkkal nu ci seenub taataan, lu tuut lu nu mana natte baat yi ba mu doy nu, ndax baat yu seen làmmiñu boroom taq itam, gàkkal na ab liggéey.
Yii kàddu la sañ-sañu jëfoo tege, te warees koo boole ci liggéey bi:
**Ci………… lanu ko jukkee,**(su dee ab dogu téere doŋŋ)
**Kàddug Yàlla gi © 2025 MBS**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode.fr
Manees naa jëfandikoo itam ab gàttalub turu téere bi :
(Turu gàttalu téere bi) **2025 MBS (NINEA: 20215410C9)**
https://creativecommons.org/licenses/by-nc-nd/4.0/legalcode.fr
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:
- You include the above copyright and source information.
- You do not sell this work for a profit.
- You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2025-04-18

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 11 Mar 2026 from source files dated 12 Dec 2025
d0698bf2-fb52-5f39-9542-2e2eeaf3c516

Contents

L'alphabet . . . . . . . . . . . 1
Li Kàddug Yàlla di yégle . . . . 2
Njàlbéen ga . . . . . . . . . . 3
Mucc ga . . . . . . . . . . . . 57
Sarxalkat yi . . . . . . . . . . 104
Màndiŋ ma . . . . . . . . . . 138
Baamtug yoon wi . . . . . . . 186
Yosuwe . . . . . . . . . . . . . 225
Njiit ya . . . . . . . . . . . . . 252
Ruut . . . . . . . . . . . . . . 279
1.Samiyel . . . . . . . . . . . 283
2.Samiyel . . . . . . . . . . . 317
1.Buur ya . . . . . . . . . . . 346
2.Buur ya . . . . . . . . . . . 381
1.Jaar-jaar ya . . . . . . . . . 414
2.Jaar-jaar ya . . . . . . . . . 448
Esra . . . . . . . . . . . . . . 486
Neyemi . . . . . . . . . . . . . 498
Esteer . . . . . . . . . . . . . 515
Ayóoba . . . . . . . . . . . . . 523
Taalifi cant . . . . . . . . . . 550
Kàddu yu xelu . . . . . . . . . 622
Kàdduy waare . . . . . . . . . 648
Ngën-gi-woy . . . . . . . . . . 657
Esayi . . . . . . . . . . . . . . 663
Yeremi . . . . . . . . . . . . . 722
Jooytu . . . . . . . . . . . . . 785
Esekiyel . . . . . . . . . . . . 792
Dañeel . . . . . . . . . . . . . 848
Ose . . . . . . . . . . . . . . . 864
Yowel . . . . . . . . . . . . . . 874
Amos . . . . . . . . . . . . . . 878
Abdiyas . . . . . . . . . . . . 886
Yunus . . . . . . . . . . . . . 888
Mise . . . . . . . . . . . . . . 890
Nawum . . . . . . . . . . . . . 896
Abakug . . . . . . . . . . . . . 899
Sofoni . . . . . . . . . . . . . 902
Ase . . . . . . . . . . . . . . . 905
Sàkkaryaa . . . . . . . . . . . 908
Malasi . . . . . . . . . . . . . 919
Kóllëre gi yees . . . . . . . . . 923

NT

Macë . . . . . . . . . . . . . . 924
Màrk . . . . . . . . . . . . . . 961
Luug . . . . . . . . . . . . . . 984
Yowaan . . . . . . . . . . . . . 1022
Jëf ya . . . . . . . . . . . . . . 1051
Room . . . . . . . . . . . . . . 1088
1.Korent . . . . . . . . . . . . 1105
2.Korent . . . . . . . . . . . . 1121
Galasi . . . . . . . . . . . . . . 1132
Efes . . . . . . . . . . . . . . . 1138
Filib . . . . . . . . . . . . . . . 1144
Kolos . . . . . . . . . . . . . . 1149
1.Tesalonig . . . . . . . . . . 1153
2.Tesalonig . . . . . . . . . . 1157
1.Timote . . . . . . . . . . . . 1159
2.Timote . . . . . . . . . . . . 1164
Tit . . . . . . . . . . . . . . . . 1168
Filemon . . . . . . . . . . . . 1170
Yawut ya . . . . . . . . . . . . 1171
Yanqóoba . . . . . . . . . . . 1184
1.Piyeer . . . . . . . . . . . . 1189
2.Piyeer . . . . . . . . . . . . 1194
1.Yowaan . . . . . . . . . . . 1197
2.Yowaan . . . . . . . . . . . 1202
3.Yowaan . . . . . . . . . . . 1203
Yudd . . . . . . . . . . . . . . 1204
Peeñu ma . . . . . . . . . . . 1206
Waxi yonent yi jëm ci Almasi bi 1224
Nattinu jamono ci bànni Israayil . . . . . . . . . . . . . . 1225
Leeral . . . . . . . . . . . . . 1226
Fireekaay bi . . . . . . . . . . 1235
KartYii . . . . . . . . . . . . . 1239

# L'alphabet

Pour mieux lire ce livre...

L'alphabet officiel dont on se sert est facile à lire. Les symboles qui présentent une certaine difficulté sont les suivants:

| | | | |
|---|---|---|---|
| j | se trouve dans | la paix | —jàmm ji |
| et | dernier | —mujj | |
| c | se trouve dans | le couscous | —cere ji |
| et | descendre | —wàcc | |
| ñ | se trouve dans | tous | —ñépp |
| et | refuser | —bañ | |
| x | se trouve dans | savoir | —xam |
| et | la main | —loxo bi | |
| ë | se trouve dans | l'œil | —bët bi |
| et | demain | —ëllëg | |
| ŋ | se trouve dans | la mâchoire | —ŋaam wi |
| et | seulement | —doŋŋ | |

Une différence existe entre ***a*** et ***à***

| | | | |
|---|---|---|---|
| baigner | —sang | revêtir | —sàng |
| l'encensoir | —and bi | accompagner | —ànd |

La voyelle est ***doublée*** pour indiquer la longueur

| | | | |
|---|---|---|---|
| valoir | —jar | passer par | —jaar |
| être propre | —set | chercher | —seet |
| le cœur | —xol bi | regarder | —xool |
| le nom | —tur wi | répandre | —tuur |

La voyelle est ***accentuée*** pour indiquer la fermeture

| | | | |
|---|---|---|---|
| souper | —reer | être perdu | —réer |
| jeûner | —woor | être sûr | —wóor |

# Li Kàddug Yàlla di yégle

Loo xalaat ci Kàddug Yàlla? Ca *Njàlbéen* ga jàng nga cosaani àddina, li ko dale ci Aadama ak Awa, ak Kayin ak Abel, ak Nóoyin ak Ibraayma ak Saarata ak Ajara ak Ismayla ak Isaaxa ak Yanqóoba ba ci Yuusufa.

Léegi nag, lan mooy sa xalaat ci lii: Ba Yàlla sàkkee àddina, lépp a baaxoon, kon lu tax àddina si jaxasoo nii tey? Lan moo tax nit mana bon xol? Ibraayma, lu ko taxa nekk xaritu Yàlla?

Ndax mas ngaa xalaat ci lan moo mana soppi xolu nit? Ndax Yàlla man naa baale bépp tooñ? Nan la nit mana amee texe? Lu nara xew su àddina tukkee? Nan la Àjjana mel?

*Kàddug Yàlla* am na ci ay tont.

Léegi noo ngi jëm ci téere yi des.

*Mucc ga*, di ñaareelu téere bi, ci la Yàlla joxe yoonam, **Musaa** jottali, gannaaw ba Yàlla musalee bànni Israayil cig njaam. Ñu ngi ciy nettali, bi Yàlla santee Musaa mu sàkk ab xaymab jaamookaay bu taxawalin ba ak li ci biiram lépp di jëmmal sellaayu Yàlla ak teewaayam ci seen biir.

*Sasu Sarxalkat yi*, di ñetteelu téere bi, ci la Yàlla tegtale ay sarax yuy doon ag njotlaay ci bàkkaar ak sobe, li ñag diggante Yàlla Aji Sell ji ak doom aadama.

Yeneen téerey bind yu sell yi ñoo indi *Ayóoba*, ak *Kàddu yu xelu yu Suleymaan*, ak li ñu bind ngir nit ñi am xel mu rafet, mana yaru ci jëfe xel ak njub ak yoon. **Yonent Yàlla Esekiyel** bind ci xel mu yees mi Yàlla bëgga def ci nit.

*Kàddug Yàlla* nag yemul ci nettali jaar-jaari jamono, ndax Yàllaa ci fésal mooy kan; mooy ki amul maas, di boroom bépp mbaax, di boroom cofeel ak yërmande, di cellte doŋŋ, xajoowul benn bàkkaar. Yàlla, ci mbaaxam la sàkke àddina, sàkk nit. Waaye bàkkaar ak sobey nit mooy gàllankoor wi yàq digganteem ak Yàlla Aji Sell ji. Teewul *Kàddug Yàlla* xamle na pexe mi Yàlla teggee woowu gàllankoor, ba sàkkal doom aadama yoon wi mu mana jaar, ba dellu ci moom.

Yal na nu Yàlla teg ci yoon wi baax, ba nu mana taseek leeram, Yàlla boole nu ci njabootu Yonent Yàlla Ibraayma, baayu bépp gëmkat, taas nu ci barkeem.

# Njàlbéen ga muy li Musaa bind ci Aadama ak Nóoyin ak Ibraayma ak Yanqóoba ak Yuusufa

Téereb *Njàlbéen ga* moo tënk ndoortel lépp lu Yàlla sàkk, lépp di lu baax. Wone na ni àddina mujj mel ndax ñaawtéefi nit, wuuteek ba Yàlla di sàkk lépp. Wone na itam ni Yàlla tànne Ibraayma, maami aji gëm ñi, mi Yàlla dig ne askanam a wara doon buntu barke ñeel xeeti àddina yépp. Saar 12, aaya 3 (12.3).

Ci tënk:

1.1—6.8 Yàlla sàkk na àddina; lu jëm ci Adama ak Awa, Kayin ak Abel.
6.9—11.9 Lu jëm ci Nóoyin.
11.10—25.11 Lu jëm ci Ibraayma ak Lóot.
25.12—26.35 Lu jëm ci Ismayla ak Isaaxa.
27.1—35.29 Lu jëm ci Yanqóoba.
36.1-43 Lu jëm ci Esawu.
37.1—50.26 Lu jëm ci Yuusufa.

### *Yàlla sàkk na àddina, fal ci nit*

1 Ca njàlbéen ga Yàlla sàkk na asamaan ak suuf.
2 Suuf nag da ne woon maraas, ne wëyëŋ, lëndëm muur ndox mu xóot mi, lale ca kaw, noowug Yàlla* di wër, tiim ndox mi.
3 Ba loolu amee Yàlla ne: «Na leer nekk,» leer daldi am.
4 Yàlla gis ne leer gi lu baax la, mu xàjjale leer ak lëndëm.
5 Yàlla tudde leer gi bëccëg, lëndëm gi guddi. Ngoon jot, suba dugg, muy bés ba njëkk.
6 Yàlla ne: «Na aw dénd dox diggante ndox yi, ngir xàjjale leen, yii fii, yii fale.»
7 Yàlla nag sàkk dénd wi, xàjjalee ko ndox yi féete dénd wi suuf ak yi ko féete kaw. Mu daldi nekk noona.
8 Yàlla tudde dénd wi asamaan. Ngoon jot, suba dugg, muy bésub ñaareel ba.
9 Yàlla ne: «Na ndox, mi asamaan tiim, gëndoo benn béreb, ba joor gu wow feeñ.» Mu daldi nekk noona.
10 Yàlla tudde joor gu wow gi suuf, ndox mi gëndoo, mu tudde ko géej. Yàlla gis ne baax na.
11 Yàlla ne: «Na suuf sax ñax, muy gàncax gu ànd ak jiwoom, ak garab yuy meññ tey jur seeni jiwu, lu ci nekk ak wirgoom ci kaw suuf.» Mu daldi nekk noona.
12 Suuf nag sax ñax, muy gàncax gu ànd ak wirgoy jiwoom, ak garab yuy meññ tey jur seeni wirgoy jiwu. Yàlla gis ne baax na.
13 Ngoon jot, suba dugg, muy bésub ñetteel ba.
14 Yàlla ne: «Na am ay leer ci déndub asamaan, ngir xàjjale guddi ak bëccëg, te doon ay tegtal, yuy ràññale jamono yi, tey takk bés yi ak at yi.
15 Nañu nekk ay leer ci déndub asamaan si, di leeral suuf.» Mu daldi nekk noona.
16 Yàlla sàkk ñaari leer yu mag, gi gëna mag yilif bëccëg, gi gëna ndaw yilif guddi; mu sàkk it biddiiw yi.
17 Yàlla nag teg leen ca déndub asamaan, di ca leeral suuf,
18 ñuy yore guddi ak bëccëg, tey xàjjale lëndëm ak leer. Yàlla gis ne baax na.
19 Ngoon jot, suba dugg, muy bésub ñeenteel ba.
20 Ba loolu amee Yàlla ne: «Na ndox fees ak ay ndiiraani xeeti mbindeef, te ay picc tiim suuf, di naaw ci déndub asamaan.»
21 Ci biir loolu Yàlla sàkk rabi géej yu mag yi ak mboolem mbindeef muy féey tey ramm-rammi ci ndox mi, mu ci nekk ak wirgoom, teg ca lépp luy boroomi laaf, lu ci nekk ak wirgoom. Yàlla gis ne baax na.
22 Ba mu ko defee Yàlla barkeel leen, daldi ne: «Giirleen te bare, ba fees ndoxi géej.» Mu neeti: «Na picc yi bare ci kaw suuf.»
23 Ngoon jot, suba dugg, muy bésub juróomeel ba.
24 Yàlla ne: «Na suuf génne ay mbindeef, mu ci nekk ak wirgoom: ag jur, luy raam aki rabi àll, lu ci nekk ak wirgoom.» Mu daldi nekk noona.

* **1.2 *noowug Yàlla:*** Ci kàddoom la Yàlla sàkke asamaan ak suuf. Yàlla ëf, ne: «Nekkal», mu nekk. Lée-léeg dinanu wax «xelum Yàlla» mbaa «leerug Yàlla» waaye fii «noowug Yàlla» moo war, day wone ni Yàlla sàkke asamaan ak suuf ci kàddoom.

25 Yàlla dafa bind rabi àll yi, lu ci nekk ak
wirgoom, jur gu ci nekk ak wirgoom, ak
lépp luy raam ci kaw suuf, lu ci nekk ak
wirgoom. Yàlla nag gis ne baax na.
26 Yàlla ne: «Nanu bind nit ci sunu
melokaan, mu nirook nun, te na yilif jëni
géej ak picci asamaan ak jur gépp ak suuf
sépp ak lépp lu ciy raam.»
27 Yàlla dafa sàkk nit ci melokaanam;
ci melokaanu boppam la Yàlla sàkk nit,
góor ak jigéen la sàkk.
28 Yàlla barkeel leen ne leen: «Giirleen te
bare, ba fees àddina, di ko saytu; te it
yilifleen jëni géej ak picci asamaan ak
mboolem mbindeef muy yëngu ci kaw
suuf.»
29 Yàlla ne: «Xoolleen, jox naa leen gépp
gàncax gu ànd ak jiwoom ci kaw suuf sépp
ak gépp garab guy meññ tey jur jiwoom,
muy seen dund.
30 Naka rabi àll yépp it, ñook picci
asamaan yépp ak lépp luy raam ci kaw
suuf, te di boroom bakkan, jox naa leen
lépp luy ñax mu tooy, ñoom itam, muy seen
lekk.» Mu daldi nekk noona.
31 Yàlla nag gis li mu def lépp, fekk lépp
baax lool. Ngoon jot, suba dugg, muy
bésub juróom benneel ba.

# 2

1 Ci kaw loolu asamaan ak suuf ak li ñu
ëmb lépp mat.
2 Bésub juróom ñaareel ba fekk na Yàlla
matal liggéeyam. Mu dallu nag ca bésub
juróom ñaareel ba, gannaaw ba mu
liggéeyee loolu lépp.
3 Yàlla daldi barkeel bésub juróom ñaareel
ba, def ko bés bu sell, ndax da caa dallu
woon gannaaw liggéey ba mu sàkke lépp.

## Cosaanal asamaan ak suuf

*(Saar 2.4—4.26)*

### *Yàlla dugal na nit Àjjana, jox ko ndigal*

4 Liy cosaanal asamaan ak suuf, ba ñu
leen di sàkk, mooy lii. Bés ba Aji Sax ji Yàlla
sàkkee suuf ak asamaan,
5 genn garab nekkagul woon ci kaw
suuf, te genn gàncax saxagul; ndaxte
booba Yàlla Aji Sax ji tawagul, te nit kuy
bey amagul.
6 Ci biir loolu mbënn di balle ci suuf, di
tooyal fépp.
7 Yàlla Aji Sax ji nag móol nit ci pëndub
suuf, ëf ngelawal dund ci paxi bakkanam,
nit daldi doon boroom bakkan.
8 Naka noona Yàlla Aji Sax ji jëmbat tool
ca biir Àjjana fa féeteek penku ba, tàbbal ca
nit ka mu bind.
9 Yàlla Aji Sax ji nag saxal ci suuf lépp luy
garab gu meññeef ma rafet te neexa lekk;
mu def it garab gay taxa dund ca digg tool
ba, moom ak garab gay taxa xam lu baax
ak lu bon.
10 Amoon na dex guy balle Àjjana, di
suuxat tool ba, te fa la séddalikoo, def ñeenti
wal.
11 Turu menn wal ma di dexu Pison,
moo wër réewum Awila mépp. Wurus a
nga woon ca réew mooma,
12 di wurusu ngalam; te it ndàbb lu neex
xet lu tudd bedelyum a nga fa woon ak
per yu jafe yu ñuy wax onigsë.
13 Ñaareelu dex ga di Gixon, wër réewu
Kuus mépp;
14 turu ñetteelu dex ga di Tiigar, féete
réewum Asiri penku; ñeenteelu dex ga di
Efraat.
15 Yàlla Aji Sax ji nag jël nit ki, tàbbal ko
biir toolub Àjjana, mu di ko bey aka sàmm.
16 Yàlla Aji Sax ji sant nit ki, ne ko: «Man
ngaa lekk ci mboolem garabi tool bi,
17 waaye bul lekk ci garab giy taxa xam
lu baax ak lu bon, ndaxte bés boo ci lekkee
kat, li wér mooy fa ngay doxe dee.»
18 Yàlla Aji Sax ji daldi ne: «Wéet baaxul
ci nit, kon dinaa ko bindal ku koy taxawu
te jekk ci doon wéttalam.»
19 Loolu fekk na Yàlla Aji Sax ji sàkk ci
suuf nja-àll yépp ak njanaaw yépp, daldi
leen indil nit, di seet nu leen nit di tudde;
te tur wu mu leen jox, muy moom.
20 Ba mu ko defee nit kooku, di Aadama,
tudd jur gépp ak picc yépp ak rabi àll yépp,
waaye fekku ca ku koy jàppale te jekk ci
doon wéttalam.
21 Bi loolu amee Yàlla Aji Sax ji nelawloo
Aadama nelaw yu xóot. Ba muy nelaw
nag, mu rocci genn ciy faaram, fatte pax
ma aw suux.
22 Yàlla Aji Sax ji bind jigéen ci faar, gi
mu jële ci Aadama, indil ko ko.
23 Aadama ne tonet, daldi ne:

«Waaw kay nag, kii moo bokk ci samay yax
ak sama suux!
Dees na ko tudde jigéen, ndaxte ci góor
lees ko jële*.»
24 Looloo tax góor di teqalikook ndeyam
ak baayam, taqoo ak jabaram, ñuy wenn
suux.
25 Ku góor ki ak jabaram, ñoom ñaar
ñépp, yaramu neen lañu defoon, te amuñu
ci woon genn kersa.

# 3

## *Yàlla dàq na nit Àjjana*

1 Jaan nag moo gënoona muus ci rabi àll,
yi Yàlla Aji Sax ji sàkk yépp. Jaan ja moo ne
jigéen ja: «Ndax wóor na ne Yàllaa ne:
“Buleen lekk ci doomi genn garabu tool
bi”?»
2 Jigéen ja wax jaan ja, ne ko: «Man
nanoo lekk ci doomi garabi tool bi kay.
3 Waaye garab gi ci digg tool bi la Yàlla
ne: “Buleen ci lekk, buleen ko laal sax, lu
ko moy ngeen dee.”»
4 Jaan ja ne jigéen ja: «Déedéet, dungeen
dee!
5 Waaye Yàlla xam na ne bés bu ngeen ci
lekkee, seeni gët dina ubbiku, ngeen mel
ni Yàlla, xam lu baax ak lu bon.»
6 Jigéen ja dafa gis ne garab gi rafet na,
niru na lu neex, te mata bëgg ci kuy wuta
am xel, mu witt ci doom yi, lekk; jox ci
jëkkëram ji mu àndal, moom it mu lekk.
7 Seeni gët daldi ubbiku, ñu xam ne
yaramu neen lañu def. Ba mu ko defee ñu
ràbb xobi garabu figg, gemboo.
8 Gannaaw loolu ñu dégg tànki Yàlla Aji
Sax ji, muy doxantu ca tool ba, fekk ker gi
sedd, ñu daldi fexee làqu Yàlla Aji Sax ji ci
biir garabi tool bi.
9 Yàlla Aji Sax ji nag ne Aadama: «Ana
nga?»
10 Mu ne ko: «Damaa dégg say tànk ci tool
bi, tiit, ndax yaramu neen laa def, ma
daldi làqu.»
11 Yàlla Aji Sax ji ne ko: «Ku la xamal ne
dangaa def yaramu neen? Mbaa du
dangaa lekk ca garab ga ma la aaye,
waay?»
12 Aadama ne ko: «Jigéen ji nga ma
booleel de, moo ma jox ci garab gi, ma
lekk.»
13 Yàlla Aji Sax ji ne jigéen ja: «Yaw, li nga
def nii mooy lan?» Jigéen ja ne ko: «Aa,
jaan de moo ma nax, ba ma lekk ci.»
14 Yàlla Aji Sax ji nag ne jaan ja:
«Gannaaw def nga loolu,
yaw rekk yaay alku ci rabi kër yépp ak
rabi àll yépp;
dinga watatu, di lekk pënd sa giiru dund
gépp.
15 Dinaa def mbañeel sa digganteek jigéen
ji,
ba dëddale sa xeet ak xeetam,
muy toj sa bopp,
nga di ko màtt ci téstën.»
16 Yàlla teg ca ne jigéen ja:
«Dinaa taral sa mititu mat,
ci mitit ngay wasin.
Sa bëgg-bëggu bakkan dina la xiir ci sa
jëkkër,
te moo lay teg tànk.»
17 Mu tegaat ca ne Aadama:
«Gannaaw dégg nga sa waxu soxna, ba lekk
ci garab gi ma la aaye,
dinaa rëbb suuf ndax yaw;
coono bu metti nga ciy dunde sa giiru
dund gépp.
18 Suuf dina la meññalal ay dég aki dagg,
doo lekk te beyoo,
19 saw ñaq ngay dunde,
ba kera ngay dellu ci suuf si ma la jële;
ndaxte pënd nga,
te dinga dellu di pënd.»
20 Aadama nag tudde soxnaam Awa
(muy firi Dund), ndax mooy ndeyu képp
kuy dund.
21 Gannaaw gi, Yàlla Aji Sax ji sàkkal
Aadama ak soxnaam ay yérey der, wodde
leen.
22 Yàlla Aji Sax ji daldi ne: «Léegi nit mel
na ni nun, xam lu baax ak lu bon. Kon nag
bumu tàllal loxoom, di witt ci doomi garab
giy taxa dund, di lekk, bay dund fàww.»
23 Ba loolu amee Yàlla Aji Sax ji génne ko
toolub Àjjana, muy bey suuf si ñu ko sàkke.

* **2.23** Ni ñuy woowe *góor* ak ni ñuy woowe *jigéen* dañoo jegeyoo ci làkku ebrë. * **3.24** ***serub:*** serub yi ay mbindeef lañu yu teew fa Yàlla.

[24] Da koo dàq, ba noppi teg ca penkub
toolu Àjjana ba ay malaakay serub*, boole
ca saamar buy xuyy-xuyyi, tey dem aka
dikk, di wattu yoon, wa jëm ca garab gay
taxa dund.

# 4

## *Kayin rey na Abel*

[1] Gannaaw loolu Aadama ànd ak
soxnaam Awa, mu ëmb, am Kayin, mu ne:
«Am naa doom ju góor ci ndimbalu Aji Sax
ji*.»
[2] Awa teg ca rakkam, Abel. Abel di
sàmm, Kayin di bey†.
[3] Ñu dem ba mu yàgg, Kayin sàkk ci
mbeyam, jébbal ko Aji Sax ji, màggale ko ko.
[4] Abel moom jébbal ko nebbonu jur, ga
njëkka juddu ca géttam. Aji Sax ji nangul
Abel ak saraxam,
[5] te nangulul Kayin. Kayin nag mer lool,
ba ne fóññ.
[6] Aji Sax ji ne Kayin: «Lu la taxa mer, ba
ne fóññ nii?
[7] Soo defee lu baax, dees na la nangul;
soo deful lu baax, bàkkaar a ngi lay yeeru
ci sa bunt, di la tërooka wut, waaye yaa ko
wara man.»
[8] Ci kaw loolu Kayin séq ak rakkam Abel
wax. Ba mu ko defee ñu dem ca àll ba,
Kayin dal ci kaw Abel, bóom ko.
[9] Aji Sax ji ne Kayin: «Ana sa rakk Abel?»
Mu ne ko: «Gisuma ko de; ndax maa wara
sàmm sama rakk?»
[10] Yàlla ne ko: «Loo def? Sa deretu rakk
jaa ngi yuuxoo ci suuf, ma di ci dégg.
[11] Léegi dinga alku, ba suuf dummóoyu
la, moom mi ubbi gémmiñam, naan sa
deretu rakk, ji nga tuur.
[12] Boo beyee, dootul nangu. Dinga dëkke
daŋ-daŋ, di wëreelu ci àddina.»
[13] Teewul Kayin wax Aji Sax ji ne ko:
«Sama mbugal diis na lool, ba àttanuma ko!
[14] Ndegam tey jii danga maa dàq, xañ
ma sa jataay, dinaa dëkke daŋ-daŋ, di
wëreelu ci kaw suuf, te kon ku ma gis rey
ma.»
[15] Aji Sax ji ne ko: «Kon nag ku la rey,
yaw Kayin, dina jot juróom ñaari yoon lu
ko raw.» Ba loolu amee mu sàkkal Kayin
màndarga, ba ku ko gis du ko rey.
[16] Kayin daldi bàyyikoo ca Aji Sax ji, dem
dëkki réewu Nódd‡, fa féete Àjjana penku.

## *Askanu Kayin*

[17] Gannaaw loolu Kayin ànd ak
soxnaam, mu ëmb, am Enog. Ci biir loolu
Kayin sanc ab dëkk, dippee ko doomam ju
góor Enog.
[18] Enog jur Iraat; Iraat jur Mexuyayel;
Mexuyayel jur Metusayel; Metusayel jur
Lemeg.
[19] Lemeg nag jël ñaari jabar, aawo bi
tudd Ada, ñaareel bi di Cilla.
[20] Ada taawloo Yabal, miy cosaanu
sàmm yiy màngaan,
[21] teg ca Yubal, miy cosaanu ñi mane
xalam ak toxoro.
[22] Cilla moom jur Tubal Kayin miy tëgg
lépp luy jumtukaayu xànjar ak weñ. Tubal
Kayin am na jigéen bu tudd Naama.
[23] Lemeg nag ne ay soxnaam:
«Dégluleen maa, yeen soxnay Lemeg;
teeyluleen maa, yeen Ada ak Cilla.
Nit a ma gaañ, ma bóom,
goneg jàmbaar dóor ma, ma faat.
[24] Kayin kay, lees di feyul juróom ñaari
yoon,
ne, bu dee Lemeg mii, muy juróom ñaar
fukki yoon ak juróom ñaar.»
[25] Bi loolu wéyee Aadama àndaat ak
soxnaam, mu am doom ju góor; tudde ko
Set (muy firi May), ndax da ne: «Yàlla may
na ma weneen askan, mu wuutu Abel, mi
Kayin rey.»
[26] Set it, am doom ju góor, tudde ko Enos.
Fan yooya lañu tàmbalee tudd Aji Sax ji, di
ko wormaal.

# Askanu Aadama, ba ci Nóoyin

# 5

*(Saar 5.1—6.8)*

[1] Ni téere indee askanu Aadama nii la.
Ba Yàlla di sàkk nit, da koo bind ci
melokaanam,
[2] góor ak jigéen la sàkk, barkeel leen,
tudde leen Nit, keroog ba mu leen sàkkee.

* **4.1** Awa mu ngi dendle turu taawam Kayin ak baatu ebrë biy tekki «am». † **4.2** ***Kayin, Abel:*** am na ñu leen gëna xam ci turi Xabiil ak Abiil. ‡ **4.16** ***Nódd,*** baatu ebrë la buy tekki «ku dëkkul fenn».

3 Aadama dund téeméeri at ak fanweer
(130), jur doom ju góor, mu bindoo
melokaanam te nirook moom. Mu tudde
ko Set.
4 Set juddu na, Aadama dundaat juróom
ñetti téeméeri at (800), amaat ay doom yu
góor ak yu jigéen.
5 Kon Aadama dund na juróom ñeenti
téeméeri at ak fanweer (930), doora faatu.
6 Set moomee am na téeméeri at ak
juróom (105), doora jur Enos.
7 Enos juddu na, Set dundaat juróom
ñetti téeméeri at ak juróom ñaar (807),
amaat doom yu góor ak yu jigéen.
8 Kon Set dund na juróom ñeenti téeméeri
at ak fukk ak ñaar (912), doora faatu.
9 Enos nag am na juróom ñeent fukki at
(90), doora jur Kenan.
10 Kenan juddu na, Enos dundaat
juróom ñetti téeméeri at ak fukk ak juróom
(815), amaat doom yu góor ak yu jigéen.
11 Kon Enos dund na juróom ñeenti
téeméeri at ak juróom (905), doora faatu.
12 Kenan moomee am na juróom ñaar
fukki at (70), doora jur Maalaleel.
13 Maalaleel juddu na, Kenan dundaat
juróom ñetti téeméeri at ak ñeent fukk
(840), amaat ay doom yu góor ak yu jigéen.
14 Kon Kenan dund na juróom ñeenti
téeméeri at ak fukk (910), doora faatu.
15 Maalaleel nag am na juróom benn
fukki at ak juróom (65), doora jur Yeredd.
16 Yeredd juddu na, Maalaleel dundaat
juróom ñetti téeméeri at ak fanweer (830),
amaat ay doom yu góor ak yu jigéen.
17 Kon Maalaleel dund na juróom ñetti
téeméeri at ak juróom ñeent fukk ak juróom
(895), doora faatu.
18 Yeredd moomee am na téeméeri at ak
juróom benn fukk ak ñaar (162), doora jur
Enog.
19 Enog juddu na, Yeredd dundaat
juróom ñetti téeméeri at (800), amaat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
20 Kon Yeredd dund na juróom ñeenti
téeméeri at ak juróom benn fukk ak ñaar
(962), doora faatu.
21 Enog moomee, am na juróom benn
fukki at ak juróom (65), doora jur
Matusalem.
22 Matusalem juddu na, ba noppi Enog
topp Yàlla ñetti téeméeri at (300), amaat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
23 Kon Enog dund na ñetti téeméeri at ak
juróom benn fukk ak juróom (365).
24 Enog dafa topp Yàlla, ba jekki-jekki
giseesatu ko, ndaxte Yàllaa ko yéege fa
moom.
25 Matusalem moomee am na téeméeri
at ak juróom ñett fukk ak juróom ñaar
(187), doora jur Lemeg.
26 Lemeg juddu na, Matusalem dundaat
juróom ñaari téeméeri at ak juróom ñett
fukk ak ñaar (782), amaat ay doom yu góor
ak yu jigéen.
27 Kon Matusalem dund na juróom
ñeenti téeméeri at ak juróom benn fukk ak
juróom ñeent (969), doora faatu.
28 Lemeg nag am na téeméeri at ak
juróom ñett fukk ak ñaar (182), doora jur
doom ju góor.
29 Mu tudde ko Nóoyin (muy firi Noflaay)
ndax dafa ne: «Kii moo nuy taxa
noyyiwaat, noppal nu ci liggéey yu metti
ak coonoy mbeyu suuf, si Aji Sax ji rëbb.»
30 Nóoyin juddu na, Lemeg dundaat
juróomi téeméeri at ak juróom ñeent fukk
ak juróom (595), amaat ay doom yu góor
ak yu jigéen.
31 Kon Lemeg dund na juróom ñaari
téeméeri at ak juróom ñaar fukk ak juróom
ñaar (777), doora faatu.
32 Nóoyin moomee am na juróomi
téeméeri at (500), doora jur Sem ak Xam ak
Yafet.

# 6

### *Yàlla fas na yéene tas àddina ndax mbonu nit*

1 Bi nga xamee ne nit ñi tàmbali naño
fulandiwu ci kaw suuf, te am ay doom yu
jigéen,
2 ay goney Yàlla ñoo gis jigéen ñeek seen
taar, ñuy jël ñi ñu bëgg ci ñoom, def leeni
jabar.
3 Aji Sax ji daldi wax ne: «Manumaa bàyyi
nit, muy wéyee dunde noo gi ma ko may,
ndax nit du dara lu dul suuxi neen, kon
dinaa leen àppal diirub téeméeri at ak ñaar
fukk (120).»
4 Ca jamono yooya ak itam gannaaw ba
goney Yàlla yooyu àndeek jigéeni àddina, ba

am ca ay doom, aw xeetu ponkal wu ñuy
wax Nefilim moo nekkoon ci àddina. Ñoo
doon jàmbaari cosaan, diy góor ñu amoon
tur.
5 Aji Sax ji dafa gis ne mbonu nit màgg
na lool ci biir àddina, te fu mu mana tollu,
lu bon rekk lay xinte ci xolam.
6 Aji Sax ji nag am tiis ci xolam, ba
mititlu li mu sàkkoon nit ci kaw suuf.
7 Aji Sax ji daldi ne: «Dinaa far ci kaw
suuf doom aadama yi ma sàkk, nit ak jur,
luy raam ak luy naaw, ndax mititlu naa li
ma leen sàkk.»
8 Waaye fekk na Aji Sax ji xool Nóoyin
bëti yërmande.

## Askanu Nóoyin

*(Saar 6.9—9.29)*

9 Askanu Nóoyin mooy lii. Nóoyin nit ku
jub la woon, di ku mat ci biir nit ñi mu
bokkal jamono, te di ku topp Yàlla.
10 Nóoyin nag amoon na ñetti doom yu
góor: seeni tur di Sem, Xam ak Yafet.
11 Booba fekk na àddina yàqu, te fees ak
ay, Yàlla teg ci bëtam.
12 Yàlla gis ne àddina yàqu na, ndaxte jëfi
ñépp a bokk ñaaw fi kaw suuf.
13 Ba mu ko defee Yàlla ne Nóoyin: «Dogal
naa ne dinaa boole faat mboolem boroom
bakkan, ndaxte ayu nit dajal na kaw suuf.
Dinaa leen boole ak li ci àddina, faagaagal.
14 «Yaw nag wutal dénku sippar, yattal ci
sa bopp gaal gu mag; nga sàkk ci ay néeg,
te diw ko koltaar biir ak biti.
15 Ni nga koy defare nii la: na guddaayu
gaal gi di ñetti téeméeri xasab, yaatuwaay
bi di juróom fukki xasab, taxawaay bi di
fanweeri xasab.
16 Yattal mbaar, mu ko tiim, te nga àggale
gaal gi, bàyyi lu tollook xasab diggante
kéméj yi ak mbaar mi. Sàkkal ko bunt ci
wet gi, te séddale ko ñetti néeg yu tegloo,
benn ci suuf, benn ci digg bi ak benn ci
kaw.
17 «Maa ngi nii di indi mbënnu ndox ci
kaw suuf, mu far lépp luy dund lu
asamaan tiim; te lépp lu nekk ci kaw suuf
dina dee.
18 Waaye dinaa fas kóllëre ak yaw, nga
dugg ci gaal gi, yaak say doom ak sa soxna
ak say soxnay doom.
19 Te xeeti rab yépp nanga ci dugal ñaar
ci gaal gi, wu ci nekk, nga def ko góor ak
jigéen; su ko defee ngeen ànd mucc.
20 Xeetu picc wu ci nekk ak xeetu
bàyyima wu ci nekk ak wépp xeetu rab
wuy raam ci suuf, dina def ñaar, ñëw ci
yaw, ba raw.
21 Sàkkal ci bépp xeetu dund, denc,
ngeen bokk dunde.»
22 Noonu la Nóoyin def. Lépp lu ko Yàlla
sant, def na ko.

# 7

*Yàlla musal na Nóoyin ci mbënn mi*

1 Gannaaw ba loolu amee Aji Sax ji dafa
wax Nóoyin ne ko: «Duggal ci gaal gu mag
gi, yaak sa njaboot gépp, ndaxte niti
jamono jii, yaw rekk laa ci gis, nga jub ni
ma ko bëgge.
2 Xeeti rab yu set* yépp yóbbaale ci
juróom ñaar yu góor ak juróom ñaar yu
jigéen, ak ñaar ci xeeti rab yi setul, te ñuy
góor ak jigéen.
3 Te it xeetu picc mu nekk yóbbaale ci
juróom ñaar yu góor ak juróom ñaar yu
jigéen, ngir seen xeet baña fey ci kaw suuf.
4 Ndax kat li feek juróom ñaari fan dinaa
wàcce taw ci kaw suuf diiru ñeent fukki
guddi ak ñeent fukki bëccëg, ba far ci
àddina mboolem mbindeef mu ma sàkk.»
5 Nóoyin daldi def la ko Aji Sax ji sant
lépp.
6 Bi mbënn miy ñëw ci àddina, booba fekk
na Nóoyin am juróom benni téeméeri at.
7 Nóoyin dugg na ca gaal ga, ànd ak ay
doomam ak soxnaam ak soxnay doomam
ya, ngir mucc ca ndoxu mbënn ma.
8 Rab yu set yi ak yi setul ak picc yi ak
yiy raam
9 ànd nañu ak Nóoyin, dugg ca gaal ga,
def ñaar-ñaar, góor ak jigéen, ni ko Yàlla
sante Nóoyin.
10 Ba juróom ñaari fan wéyee nag, ndoxu
mbënn ma agsi ci kaw suuf.
11 At ma Nóoyin amee juróom benni
téeméeri at, ca fukki fan ya ak juróom ñaar
ca ñaareelu weer wa, kera la bëti ndox ya
ne jàyy, jóge xóotey géej, bunti ndoxi
asamaan ne kulbét, mu ne yureet,

* **7.2 *rab yu set*** ñoo di rab, yi Yàlla nangu, ñu sarxal ko, maanaam yu sell yi.

12 taw biy sottiku ci suuf diiru ñeent fukki guddi ak ñeent fukki bëccëg.

13 Keroog bés boobu la Nóoyin ànd aki doomam yu góor, Sem ak Xam ak Yafet, ak soxnaam ak ñetti soxnay doomam yooyu, ñu dugg ca gaal ga,

14 àndandook rabu àll yépp, lu ci nekk ak wirgoom, ak jur gépp, lu ci nekk ak wirgoom, ak lépp luy raam ci kaw suuf, lu ci nekk ak wirgoom, ak lépp luy naaw, lu ci nekk ak wirgoom, muy picc mbaa boroomi laaf.

15 Lépp luy boroom bakkan def na ñaar-ñaar, ànd ak Nóoyin, dugg ca gaal ga,

16 mboolem xeetu mbindeef rekk, di góor ak jigéen, ni ko ko Yàlla sante. Ci kaw loolu Aji Sax ji ne ràpp buntu gaal gi, gannaaw bi Nóoyin duggee.

17 Mbënn ma nag di wal ci àddina diiru ñeent fukki fan. Ndox ya di yokku, gaal gay jóg, ba tëmb, tiim suuf lu sore.

18 Ma ngay gën di yokku, tey baawaan ci kaw suuf, ba gaal ga tëmb, di dem ca kaw ndox ma.

19 Ndox ma di walangaan, ba mëdd tund yu kawe ya fépp fu asamaan tiim.

20 Muy yokku, di yokku, ba gëna kawe tund ya lu mat fukki xasab ak juróom.

21 Mboolem mbindeef mu daan dox ci kaw suuf dee na ca. Picc yi ak jur gi ak rabi àll yi ak lépp luy raam ci kaw suuf dee na, ñoom ak nit ñépp.

22 Mboolem mbindeef muy boroom bakkan ci kaw suuf a bokk dee.

23 Luy dund ci àddina daldi sànku, ba nit ak jur ak luy raam ak luy naaw—lépp la Aji Sax ji raafal ci àddina. Nóoyin rekk a des, moom ak ña àndoon ak moom ca gaal ga.

24 Ndox mi nag di wal-wali ci kaw suuf diirub téeméeri fan ak juróom fukk.

# 8

## *Nóoyin génn na gaal gu mag ga*

1 Ci biir loolu Yàlla bàyyi xel Nóoyin ak li mu nekkal ci gaal gi, di rabi àll yi ak jur gi. Yàlla daldi yebal ngelaw, mu wal kaw suuf, ba ndox yi wàcc.

2 Bëti ndox ya ca xóote ya dafa taxaw, bunti ndoxi asamaan tëju, taw bi dal.

3 Ci kaw loolu ndox mi taa ci suuf di wàññiku. Bi téeméeri fan yi ak juróom fukk matee nag, ndox ma gëna néew.

4 Ba juróom ñaareelu weer wa amee fukki fan ak juróom ñaar, gaal gaa nga teereji tundi Araraat.

5 Ndox may wàññiku rekk ba ca fukkeelu weer wa. Keroog ba fukkeelu weer wa teroo, ca la njobbaxtali tund ya tàmbalee feeñ.

6 Teg nañu ca ñeent fukki fan, Nóoyin doora ubbi poroxndoll, ba mu sàkkaloon gaal ga,

7 daldi yebal ab baaxoñ, muy naaw, di dem aka dikk, ba ndox mi fendi ci kaw suuf.

8 Mu teg ca yebal pitax, ba xam ndax ndox mi ci suuf fer na.

9 Teewul pitax ma gisul fenn fu mu tag, ndax ndox mi muur na suuf sépp. Mu délsi nag fa moom ca gaal ga. Nóoyin tàllal loxoom, jàpp ko dugal ci biir fi wetam.

10 Négandiku na juróom ñaari fan, doora yebalaat pitax ma.

11 Ba mu délsee ca ngoon, indaalewul lu moy xobu oliw wu tooy wu keppe ca sàll wa. Nóoyin xam ne ndox mi taa woon ci suuf, fer na.

12 Mu négati juróom ñaari fan, bàyyiwaat pitax ma. Boobu yoon nag délsiwaatul ca moom.

13 At ma Nóoyin amee juróom benni téeméeri at ak benn, keroog benn fanu weer wa njëkk, ndox ma taa woon ca suuf daldi fendi. Nóoyin ubbi kubeer ga, xool, ba gis ne kaw suuf wow na.

14 Keroog ñaar fukki fan ak juróom ñaar ca ñaareelu weer wa, ca la suuf si doora wow koŋŋ.

15 Ba loolu amee Yàlla ne Nóoyin:

16 «Génnal gaal gi, yaak sa soxna ak say doom ak say soxnay doom.

17 Génnewaaleel lépp luy xeetu mbindeef mu ngeen àndal: picc yi ak bàyyima yi ak luy raam, ñu fulandiwu ci kaw suuf, daldi giir te bare.»

18 Nóoyin daldi génn, moom aki doomam ak soxnaam ak soxnay doomam ya.

19 Rabi àll yi ak luy raam ak luy naaw ak luy dox ci kaw suuf—lépp génne ca gaal ga, lu ci nekk ak wirgoom.

20 Naka la Nóoyin génn, daldi sàkkal Aji
Sax ji sarxalukaay, màggale ko ko. Mu sàkk
nag ci mboolem rab wu set ak mboolem
picc mu set, jébbal Yàlla ca sarxalukaay ba,
muy saraxu rendi-dóomal.
21 Ci kaw loolu xetug jàmm gillee ca
sarax sa, yéeg fa Aji Sax ja. Booba la wax ci
xolam ne: «Dootuma rëbb suuf mukk ndax
nit, doonte ba muy ndaw lay dale xinte lu
ñaaw ci xolam. Dootuma boole faagaagal
mukk lépp luy dund, nii ma ko defe.
22 Li feek suuf di suuf,
muy nji walla ngóob,
sedd aku tàngoor,
nawet it mbaa noor,
mbaa guddeek bëccëg,
lenn du ci dakk.»

# 9

*Yàlla fas na kóllëre ak Nóoyin*

1 Ci kaw loolu Yàlla barkeel Nóoyin aki
doomam ne leen: «Giirleen te bare, ba fees
àddina.
2 Mboolem rabi àll yi ak njanaawi
asamaan ak ndëgmeent yi ci suuf, ak jëni
géej yépp, dinañu leen ragal lool. Teg naa
leen ci seeni loxo.
3 Man ngeena dunde boroom bakkan
yooyu yépp. Jagleel naa leen mbindeef
yooyu yépp, ni ma leen jagleele woon
gàncax.
4 «Waaye buleen lekk yàpp wu bakkan
des, maanaam yàpp wu deret des.
5 Seen bakkan itam, mu ngi ci seen
deret, kon kat, képp ku tuur seen deret
dinaa ko ko topp. Te it mala mu ci rey nit
dinaa ko ko topp, ni may toppe nit. Dinaa
topp ku nekk deretu moroomam.
6 Ku tuur deretu nit,
na nit tuur deretam,
ndax ci melokaanu boppam
la Yàlla sàkke nit.
7 Yeen nag, giirleen te bare, fulandiwu ci
kaw suuf te fees ko.»
8 Yàlla nag wax Nóoyin ak doomam, yi
mu àndal, ne leen:
9 «Bés niki tey fasal naa sama bopp
kóllëre sama diggante ak yeen ak seen
askan,
10 fas ko it sama diggante ak mboolem
mbindeef mu ngeen àndal, muy picc akug
jur mbaa rabi àll—lépp daal lu génnandoo
ak yeen ci gaal gi, di lépp luy dund ci kaw
suuf.
11 Ni may faseek yeen kóllëre nii la:
Deesatul boole mbindeef yépp, faat ci
mbënn mukk.
Du menn mbënn mu deeti faxas àddina.»
12 Yàlla neeti: «Kóllëre gi may fas ak yeen
ak mboolem mbindeef mu ànd ak yeen,
day sax ba fàww te liy màndargaam mooy
lii.
13 Def naa sama xon ci niir yi, muy
màndargaal kóllëre gi dox sama diggante ak
àddina.
14 «Saa su ma dajalee niir yi ci jaww ji,
ba xon gi feeñ ci niir yi,
15 damay daldi xalaataat kóllëre, gi ma
fas sama digganteek yeen ak mboolem
xeeti mbindeef, su ko defee ndox dootul
sabab mbënn muy faagaagal lépp luy
dund.
16 Xon gi day nekk ci biir niir yi, ma di
ko gis, di xalaat kóllëre, gi ma fas fàww,
sama diggante, man Yàlla, ak mboolem
xeetu mbindeef mu nekk ci kaw suuf.»
17 Ci kaw loolu Yàlla ne Nóoyin: «Xon
googu mooy màndargaal sama kóllëre, gi
ma fas ak mboolem mbindeef mu nekk ci
kaw suuf.»

*Mbirum Nóoyin ma aki doomam*

18 Doomi Nóoyin yu góor, yi génne ci gaal
gi, ñooy: Sem, Xam ak Yafet; Xam mooy
baayu Kanaan.
19 Ñooñu ñooy ñetti doomi Nóoyin yu
góor, te ci ñoom la àddina sépp soqikoo.
20 Nóoyin ab beykat la woon. Mu nekk
nag ci njëmbatum reseñ.
21 Mu am bés mu naan biiñ, ba màndi,
tëdd ci xaymaam, daldi sàgganu.
22 Ba loolu amee Xam, baayu Kanaan,
gis céri baayam, génn waxi ko Sem ak
Yafet ca biti.
23 Sem ak Yafet ànd, jël malaan, teg ko ci
seeni mbagg, doxe gannaaw ba agsi,
doora sàng seen céri baay. Dañoo
dummóoyu, ba gisuñu seen céri baay.
24 Màndite ma giif, Nóoyin yewwu, daldi
yég ni xale bi def ak moom.
25 Ba mu ko defee mu ne:
«Yal na Kanaan torox,
bay jaamu jaami doomi ndeyam.»
26 Mu dellu ne:
«Cant ñeel na Aji Sax ji, Yàllay Sem,

yal na Kanaan dib jaamam*.
27 Yal na Yàlla lawal askanu Yafet,
dëël ko ci xaymay Sem,
te Kanaan di seen jaam.»
28 Gannaaw ba mbënn ma wéyee, Nóoyin
dundaat na ñetti téeméeri at ak juróom
fukk (350).
29 Nóoyin dund na juróom ñeenti téeméeri
at ak juróom fukk (950), doora faatu.

## Askanu doomi Nóoyin

# 10

*(Saar 10.1—11.9)*

*Xeet yi sosoo ci doomi Nóoyin*

1 Askanu doomi Nóoyin mooy lii.
Gannaaw ba mbënn ma wéyee, Sem ak
Xam ak Yafet am nañu ay doom.

*Li jëm ci askanu Yafet*

2 Doomi Yafet yu góor ñoo di Gomeer ak
Magog ak Maday ak Yawaan ak Tubal ak
Meseg ak Tiraas.
3 Doomi Gomeer yu góor ñoo di Askenas,
Rifaat ak Togarma.
4 Doomi Yawaan yu góor ñoo di Elisa ak
Tarsis ak Kitim ak Dodanim.
5 Ñi sosoo ci ñoom ñoo law ca wàllaa géej,
meññ nag ay xeet ci seeni suuf, xeet wu ci
nekk ak làkkam, def it ay làng ci seen biiri
xeet.

*Li jëm ci askanu Xam*

6 Doomi Xam yu góor ñoo di Kuus ak
Misrayim ak Puut ak Kanaan.
7 Doomi Kuus yu góor ñoo di Saba ak
Awila ak Sabta ak Raama ak Sabteka.
Doomi Raama yu góor di Seba ak Dedan.
8 Kuus moo jur Nimrodd, ki jëkk di
jàmbaar ju siiw ci kaw suuf,
9 mu doonoon rëbbkat bu maga mag.
Looloo waral ñu naan: «Mbete Nimrodd,
rëbbkat bu maga mag ba.»
10 Dëkk yiy péeyi nguuram ñoo di Babel
ak Ereg ak Akàdd ak Kalne, gi ci réewu
Sineyaar.
11 Ca réew mooma la Nimrodd jóge dem
Asur, sanc Niniw ak dëkk yooyee di
Rexobot Ir ak Kala,
12 ba Resen gi ci diggante Niniw ak Kala,
dëkk bu mag bi.
13 Misrayim nag mooy maami Luddeen
ñi* ak Anameen ñi ak Leyabeen ñi ak
Naftuyeen ñi
14 ak Pataruseen ñi ak Kasluxeen ñi, ak it
Kaftoreen ñi, ñooñee waa Filisti soqikoo†.
15 Kanaan moo taawloo Sidon, teg ca Ett.
16 Kanaan mooy maamu Yebuseen ñi ak
Amoreen ñi ak Girgaseen ñi.
17 Mooy maamu Eween ñi ak Arkeen ñi
ak Sineen ñi.
18 Mooy maamu Arwàddeen ñi it ak
Cemareen ñi ak Amateen ñi. La ca tegu
làngi Kanaan tasaaroo.
19 Kemu suufas Kanaaneen ña, mu ngi
tàmbalee Sidon, jaar weti Gerar, dem ba
Gasa, wuti Sodom ak Gomor ak Adma ak
Ceboyim, daldi teeri Lesa.
20 Ñooñu ñooy askani Xam, askan wu ci
nekk ak làngam ak làkkam, di ay xeet ci
seeni réew.

*Li jëm ci askanu Sem*

21 Sem, miy magu Yafet, jur na moom
itam ay doom yu góor. Mooy maami Eber
ak askanam.
22 Doomi Sem yu góor ñoo di Elam ak
Asur ak Arpagsàdd ak Ludd ak Aram.
23 Góor ñi Aram jur ñii la: Ucc ak Xuul ak
Geter ak Maas.
24 Arpagsàdd jur Sela, Sela jur Eber.
25 Eber moom, jur ñaari doom yu góor,
kenn ki tudd Peleg (muy firi Séddalikoo),
ndaxte ci jamonoom àddina dafa séddalikoo
woon. Rakku Peleg ju góor mooy Yogtaan.
26 Yogtaan a jur Alamodàdd ak Selef ak
Asarmawet ak Yerax
27 ak Adoram ak Usal ak Digla
28 ak Obal ak Abimayel ak Seba
29 ak Ofir ak Awila ak Yobab. Ñooñu
ñépp di doomi Yogtaan yu góor.
30 Ña nga dëkkoon ca wàllu Mesa ga wuti
Sefar, di diiwaanu tund ya ca penku.
31 Ñooñoo askanoo ci Sem, askan wu ci
nekk ak làngam ak làkkam, di ay xeet ci
seeni réew.

* **9.26 *Kanaan dib jaamam:*** Bànni Israayil ci Sem lañu giiroo. Kanaaneen ñi di sëti Xam. Ci jamonoy Yosuwe ak njiit ya ak Suleymaan lañu leen jàpp njaam. Ca la li Nóoyin waxoon mate. Seetal ci *Yosuwe* 16.10, ak ci *Njiit ya* 1.28, 33, 35, ak ci *1.Buur ya* 9.20-21. * **10.13 *Luddeen ñi*** ñooy waa Ludd, ci waxin wuy tekki ab giir niki boo nee Njóobeen ñi walla Njaayeen ñi. † **10.14** Seetal ci Amos 9.7.

32 Làngi doomi Nóoyin yu góor a ngoogu,
làng gu nekk ak askanam, ñu diy xeet. Ci
ñoom la xeet yépp jóge tasaaroo ci kaw
suuf, gannaaw ba mbënn ma wéyee.

# 11

*Yàlla safaan na làkku àddina, mu jaxasoo*

1 Ca ndoorte la nag waa àddina sépp a
bokkoon wenn làkk, seeni wax di benn.
2 Bi nit ñi toxoo, jëm penku, dañoo gis ag
joor ci réewu Sineyaar, ñu sanc fa.
3 Ñu ne: «Ayca nu defar ay móol yu ñu
lakk cib taal, ba mu ñor.» Ci kaw loolu ñu
def móol ya doji tabax, taqalee ko koltaar,
4 daldi ne: «Ayca nu tabax ab dëkk bu
taax ma bëtt asamaan; kon dinanu am
woy, te dunu tasaaroo ci kaw suuf.»
5 Ba ñu noppee Aji Sax ji wàcc, xoolsi
dëkk bi ak taax, mi doom aadama yi tabax.
6 Aji Sax ji da ne: «Su ñu tàmbalee nii, di
menn mbooloo te bokk wenn làkk, kon
dara dootu leen të.
7 Ayca nu wàcc, safaan seen làkk, ba
dootuñu déggoo.»
8 Ba loolu amee Aji Sax ji jële leen foofa,
tasaare leen ci kaw suuf sépp, ñu yemale
fa dëkk ba ñu doon tabax.
9 Looloo tax ñu tudde dëkk ba Babel
(muy firi Safaan), ndax foofa la Aji Sax ji
safaane làkku àddina sépp, mu jaxasoo, te
fa la leen tasaaree ci kaw suuf sépp.

## Askanu Sem, maamu Ibraam

*(Saar 11.10-26)*

10 Askanu Sem mooy lii. Sem am na
téeméeri at, doora jur Arpagsàdd, fekk na
mbënn ma wees, ba mu am ñaari at.
11 Arpagsàdd juddu na, Sem dundaat
juróomi téeméeri at (500), juraat ay doom
yu góor ak yu jigéen.
12 Arpagsàdd am fanweeri at ak juróom,
jur Sela.
13 Sela juddu na, Arpagsàdd dundaat
ñeenti téeméeri at ak ñett (403), juraat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
14 Sela am fanweeri at, jur Eber.
15 Eber juddu na, Sela dundaat ñeenti
téeméeri at ak ñett (403), juraat ay doom yu
góor ak yu jigéen.
16 Eber am fanweeri at ak ñeent, jur
Peleg.
17 Peleg juddu na, Eber dundaat ñeenti
téeméeri at ak fanweer (430), juraat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
18 Peleg am fanweeri at, jur Rew.
19 Rew juddu na, Peleg dundaat ñaari
téeméeri at ak juróom ñeent (209), juraat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
20 Rew am fanweeri at ak ñaar, jur Serug.
21 Serug juddu na, Rew dundaat ñaari
téeméeri at ak juróom ñaar (207), juraat ay
doom yu góor ak yu jigéen.
22 Serug am fanweeri at, jur Naxor.
23 Naxor juddu na, Serug dundaat ñaari
téeméeri at (200), juraat ay doom yu góor
ak yu jigéen.
24 Naxor am ñaar fukki at ak juróom
ñeent, jur Teraa.
25 Teraa gane na àddina, Naxor dundaat
téeméeri at ak fukk ak juróom ñeent (119),
juraat ay doom yu góor ak yu jigéen.
26 Gannaaw ba Teraa amee juróom ñaar
fukki at, mu jur Ibraam ak Naxor ak Aran.

## Askanu Teraa, baayu Ibraam

*(Saar 11.27–25.11)*

27 Askanu Teraa mooy lii. Teraa mooy
baayu Ibraam* ak Naxor ak Aran. Aran
mooy baayu Lóot.
28 Gannaaw loolu Aran faatu na lu jiitu
faatug baayam Teraa, ca réew ma mu
juddoo, di Ur†, dëkku Kaldeen ña.
29 Ibraam ak Naxor jël nañu ay soxna;
soxnas Ibraam tudd Sarayi, soxnas Naxor
di Milka. Milka moomu, moom ak rakkam
ju jigéen Yiska, Aran ay seen baay.
30 Sarayi moomu masuloona am doom
te it manu ko woona am.
31 Mu am bés Teraa ànd ak doomam
Ibraam ak sëtam Lóot, mi Aran di baayam,
ak goroom Sarayi, soxnas Ibraam. Ñu
bokk jóge Ur gu Kaldeen ña, jëm réewu
Kanaan. Ba ñu demee ba Karan, daldi fay
sanc.
32 Teraa dund na ñaari téeméeri at ak
juróom (205), doora génn àddina, ñu denc
ko Karan.

* **11.27** ***Ibraam*** mii: Yàlla dina ko mujja tudde Ibraayma. Seetal ci 17.5. † **11.28** ***Ur,*** dëkk bu yàggoon la, te bokkoon ci réew mi ñu tudde Iraag léegi.

# 12

## *Yàlla sant na Ibraam, mu gàddaay*

1 Aji Sax ji moo waxoon Ibraam, ne ko:
«Jógeel sam réew, jóge ci say bokk ak sa kër
baay, te nga dem ca réew mi ma lay won,
2 ma def la ngay cosaanal xeet wu yaa,
barkeel la,
màggal sa tur,
ngay buntu barke.
3 Ku la ñaanal barke, ma barkeel,
ku la móolu it, ma alag,
te xeeti àddina yépp,
ci yaw lañuy barkeele.»
4 Ibraam daldi dem, na ko ko Aji Sax ji
waxe woon, Lóot topp ca. Ba Ibraam di
jóge Karan, booba am na juróom ñaar fukki
at ak juróom (75).
5 Ibraam ànd ak soxnaam Sarayi ak Lóot,
mi muy baay bu ndaw ci moom. Mu
yóbbaale nag alal, ja mu dajale jépp, ak
jaam, ya mu jënde Karan. Ñu jóge fa, jublu
réewu Kanaan.
6 Ba ñu agsee Kanaan, Ibraam dafa jàll
ca biir réew ma, ba àgg béreb bu sell, ba
féete ak Sikem, ca garab[*] gu mag, ga ñuy
woowe More. Booba fekk na waa Kanaan
a nga woon ca réew ma.
7 Ci kaw loolu Aji Sax ji feeñu Ibraam ne
ko: «Sa askan wi soqikoo ci yaw laay jox
réew mii.» Ibraam nag daldi tabaxal Aji
Sax ji ko feeñu, ab sarxalukaay.
8 Gannaaw loolu mu jóge fa, jëm tund,
wi féete Betel penku, samp fa xaymaam;
Betel féete ko sowu, Ayi féete ko penku.
Foofa itam Ibraam tabaxal na fa Aji Sax ji
sarxalukaay, tudd fa Aji Sax ji, wormaal
ko.
9 Ibraam bàyyikooti fa, aw yoonam, jublu
àllub Negew[†].

## *Ibraam dem na réewum Misra*

10 Ca jamono jooja xiif a amoon ca réew
ma, ba tax Ibraam dem réewum Misra,
toogi fa, ndax xiif bu metti la woon.
11 Naka lay jub Misra, daldi ne soxnaam
Sarayi: «Déglu ma, xam naa ne ku rafet
nga.
12 Bu la waa Misra gisee, dinañu ne
sama soxna nga. Te dinañu ma rey, nga
des.
13 Kon nag ngalla waxal ne sama jigéen
nga, ba tax ma am jàmm; su ko defee dees
na ma bàyyi, ma dund, te di la ko gërëme.»
14 Ba Ibraam àggee Misra, waa Misra gis
ne jigéen ji mu àndal rafet na lool.
15 Jaraafi Firawna itam gis ko, di ko kañ
ca Firawna ndax taar ba, ñu daldi ko
yóbbu ca kër Firawna.
16 Firawna nag toppatoo Ibraam bu
baax ndax moom, ñu may ko ay gàtt ak ay
nag, ay mbaam yu góor, ak ay jaam yu góor
ak yu jigéen, ak ay mbaam yu jigéen aki
giléem.
17 Teewul Aji Sax ji wàcce ca Firawna ak
waa këram jàngoro yu metti ndax Sarayi,
soxnas Ibraam.
18 Firawna woolu Ibraam ne ko: «Li nga
ma def nag? Lu tax waxoo ma ne kii sa
soxna la?
19 Lu tax nga ne sa jigéen la, ba tax ma
jël ko, bëgg koo def sama jabar? Ayca, sa
jabar a ngoog, fabal te ne mott!»
20 Naka la Firawna wax loolu ba noppi,
daldi sant ay dagam, ñu génne Ibraam réew
ma, moom ak soxnaam ak alalam jépp.

# 13

## *Ibraam ak Lóot teqalikoo nañu*

1 Bi loolu amee Ibraam dafa jóge Misra,
moom ak soxnaam, yóbbaale alalam jépp,
daldi dem ca àllub Negew, Lóot topp ca.
2 Ibraam nag amoon alal ju bare
diggante jur, xaalis ak wurus.
3 Gannaaw loolu mu awati yoonam, jóge
àllub Negew, jëm dëkk ba ñu naa Betel,
dem ba àgg ca béreb, ba mu njëkkoona
samp xaymaam, ci diggante Betel ak Ayi,
4 fa mu tabaxoon ab sarxalukaay.
Ibraam nag tudd fa Aji Sax ji, wormaal ko.
5 Ci biir loolu Lóot, mi mu àndal, moom it
yor jur gu gudd ak gu gàtt aki xayma,
6 ba tax xajatuñu ca réew ma, ndax seen
alal dafa bare, ba manatuñu faa bokk
dëkk.

---

* **12.6** Xeetu garab la gu ñuy wax terebent.
† **12.9** ***àllub Negew:*** mu nga féete Kanaan bëj-saalum, nekk ca yoonu Misra. Li muy tekki mooy «wowaay».

7 Loolu tax sàmmi Ibraam ak sàmmi Lóot
di jote. Rax ci dolli Kanaaneen ñi ak
Periseen ñi ña nga woon ca réew ma.
8 Ba loolu amee Ibraam da ne Lóot:
«Waay waay, bu xuloo am sama
digganteek yaw mbaa say sàmm ak samay
sàmm. Xanaa dunuy bokk nag?
9 Xanaa àll bi newul yàmblaŋ ngay gis?
Nan teqalikoo, kay; boo demee càmmoñ,
ma dem ndijoor; boo demee ndijoor, ma
dem càmmoñ.»
10 Ba mu waxee ba noppi, Lóot dafa
xool, gis joor, gi wër dexu Yurdan gépp,
màndi ndox. Ndax laata Aji Sax jiy tas dëkk
yu ñuy wax Sodom ak Gomor, àll bi jëm
Cowar dafa naatoon, ni réewum Misra
naate, ba faf mel ni toolub Aji Sax ja*.
11 Ba mu ko defee Lóot tànn jooru
Yurdan gépp, daldi toxu jëm penku.
Noonu lañu teqalikoo.
12 Ibraam dëkke réewu Kanaan, Lóot
sance dëkk ya ca jooru Yurdan, daldi toxal
xaymaam, samp ko Sodom.
13 Waaye waa Sodom ñu bon lañu woon,
te mana moy Aji Sax ji lool.

### *Digeb Aji Sax ja ak Ibraam*

14 Gannaaw ba Lóot teqalikook Ibraam,
Aji Sax ji wax na Ibraam ne ko: «Téenal
foofu nga taxaw, te séenu bëj-gànnaar ak
bëj-saalum ak penkook sowu,
15 ndaxte réew mi ngay gis mépp, yaw
laa koy may ba fàww, yaak askan wi
soqikoo ci yaw.
16 Dinaa leen yokk, ba ñu tollu ni feppi
suuf, ba feppi suuf gëna neexa waññ sa
askan.
17 Jógal wër réew mi mépp ba mu daj,
ndax yaw laa koy may.»
18 Ba mu ko defee Ibraam sempi
xaymaam, ñëw dal Ebron ca garab yu mag
ya ca toolub Mamre, daldi fay tabaxal Aji
Sax ji sarxalukaay.

## 14

### *Ibraam wallu na Lóot*

1 Ca jamonoy Amrafel buurub Sineyaar,
ak Aryokk buurub Elasaar, Kedorlamer
buurub Elam, ak Tidal buurub Goyim,
2 ànd nañu, dal ci kaw ñoom Bera buurub
Sodom, ak Birsa buurub Gomor, ak
Sineyab buurub Adma, ak Semeber
buurub Ceboyim, ak it buuru dëkk ba ñuy
wax Bela, mooy Cowar ba tey.
3 Ñooñoo booloo woon ca xuru Sidim,
mooy géeju Xorom gi léegi.
4 Fekk na diiru fukki at ak ñaar
Kedorlamer moo leen yilifoon, teewul ca
fukkeelu at ma ak ñett ñu fippu.
5 Ca déwén sa Kedorlamer ak buur ya
faroon ak moom, dem dàq Refayeen ña ca
Asterot Karnayim, ak Suseen ña ca Am, ak
Emeen ña ca jooru Kiryaatayim,
6 ak Oreen ña ca seen tund wa ñuy wax
Seyir. Da leena dàq ba ca garabu Paran gu
mag ga ca wetu màndiŋ ma.
7 Ñu jóge fa nag, waññiku, dem En
Mispat, di Kades ba tey, daldi teg
mboolem réewum Amalegeen ña tànk,
boole ca song Amoreen ña dëkk Acacon
Tamar.
8 Ci kaw loolu buurub Sodom génn,
mook buurub Gomor ak buurub Adma ak
buurub Ceboyim ak buuru Bela, di Cowar
ba tey, ñoom ñépp daldi làng, nara xare ca
xuru Sidim,
9 di sot ñoom Kedorlamer buurub Elam,
ak Tidal buurub Goyim, ak Amrafel
buurub Sineyaar, ak Aryokk buurub
Elasaar. Ñeenti buur di xareek juróom.
10 Waaye xuru Sidim woowu dafa
feesoon dell aki kàmbi koltaar. Ba mu ko
defee buuri Sodom ak Gomor di daw, far
daanu ca kàmb ya. Ña ca des daw ba ca
tund ya.
11 Ña leen dàq nag, jël alalu Sodom ak
Gomor yépp, nanguwaale seen dund bépp
boole ca, daldi dem seen yoon.
12 Booba lañu yóbbu Lóot ma dëkk
Sodom, te Ibraam di baayam bu ndaw. Ci
biir loolu ñu yóbbaale li mu amoon lépp,
dem.
13 Ba loolu xewee, kenn ci ñi ñu jàppoon
rëcc, ñëw ci Ibraam miy ab Ebrë, wax ko
ko. Fekk na mu dëkk ca wetu garab yu
mag ya woon ca toolub Mamre, ma dib
Amoreen, di mbokk mu jege ci Eskol ak
Aner, ñoom ñi doon wóllërey Ibraam.

* **13.10** Tool booba mooy Àjjana, fa Yàlla njëkkoona dëkkal Aadama ak Awa.

14 Ba Ibraam déggee ne jàpp nañu Lóot
ma muy baayam bu ndaw, fa saa sa daa
dajale dagam, yi juddoo këram te tollu ci
ñetti téeméer ak fukk ak juróom ñett (318),
ñu dàq buur ya ba dëkk ba ñuy wax Dan.
15 Ibraam dafa xàjjale mbooloom, dal ci
kaw buur ya guddi, dàq leen, topp ci ñoom
ba Oba, ca bëj-gànnaaru Damaas.
16 Ibraam nag delloosi alal ja jépp,
nangu mbokkam Lóot, mook alalam, ak
jigéen ña ak ñeneen ña ñu jàppoon.

## *Melkiccedeg ñaanal na Ibraam barke*

17 Gannaaw ba Ibraam dàqee
Kedorlamer ak buur ya àndoon ak moom,
ba délsi, buurub Sodom dafa génn,
gatandu ko ca xur wa ñuy wax Sawe, ñu di
ko woowe xuru Buur ba tey.
18 Ci kaw loolu Melkiccedeg* buurub
Salem, mi doon sarxalkatub Yàlla Aji
Kawe ji, daldi ñëw, indi mburu ak biiñ.
19 Mu ñaanal Ibraam ne ko:
«Yaw Ibraam, Yàlla na la Yàlla Aji Kawe ji
barkeel,
moom mi sàkk asamaan ak suuf!
20 Waaye jaaraamaa Yàlla Aji Kawe ji,
moom mi la dumaal say noon!»
Ba loolu amee Ibraam sàkk fukkeelu cérub
la mu lël lépp, jox ko.
21 Gannaaw loolu buurub Sodom wax
Ibraam ne ko: «Jox ma nit, ñi nga jàpp, te
nga fab alal ji.»
22 Ibraam nag wax buurub Sodom ne
ko: «Man yékkati naa sama loxo, Yàlla Aji
Sax ju Kawe ji seede, moom mi sàkk
asamaan ak suuf,
23 nee naa: duma jël ci yaw dara, du
puso, bi gëna tuut sax, su ko defee doo
mana wax ne yaa ma taxa am alal.
24 Duma jël dara, lu wees li sama nit ñi
lekk ba noppi ak sama wàllu farandoo yi,
di Aner ak Eskol ak Mamre, ñoom it, nañu
jot seen wàll.»

# 15

## *Yàlla fas na ak Ibraam kóllëre*

1 Gannaaw ba loolu wéyee kàddug Aji
Sax ji dikke na Ibraam wax jii ci peeñu, ne
ko: «Yaw Ibraam, bul ragal dara; man
maay sa kiiraay, te sa yool dina màgg
lool.»
2 Ibraam ne ko: «Boroom bi, yaw Aji Sax
ji, ana loo may may nag? Man awma
doom sax, te ki wara donn sama alal moo
di Elyeser, miy waa Damaas.»
3 Ibraam teg ca ne: «Mayoo ma giir, te it
jaam bu juddoo sama kër moo may donn.»
4 Kàddug Aji Sax ji nag dikkal ko, ne ko:
«Du moom moo lay donn, waaye ku sosoo
ci sa geño moo lay donn.»
5 Loolu wees Aji Sax ji yóbbu ko ci biti ne
ko: «Xoolal asamaan, te wañ biddiiw yi,
ndegam man nga ko.» Mu dellu ne ko:
«Noonu la sa askan di tollu.»
6 Ibraam nag gëm Aji Sax ji; Aji Sax ji
nangul ko ngëmam, muy àtteb njub bu ñu
ko limal.
7 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax ko ne ko:
«Man maay Aji Sax ji la génnee Ur, ga ca
Kaldeen ña, ngir may la réew mii, nga
moom ko.»
8 Ibraam ne ko: «Yaw Aji Sax ji sama
Boroom, nan la may wóore ne maa koy
moom?»
9 Aji Sax ji ne ko: «Indil ma wëlluw ñetti at
ak bëyu ñetti at ak kuuyu ñetti at, boole ci
pitaxu àll ak xati mu ndaw.»
10 Ibraam boole yooyu yépp, rey, lu ci
nekk mu dagg ko ci digg bi, dog bu nekk
janook moroom ma, waaye daggul picc ya.
11 Ba mu ko defee ay tan jóge ca, dal ca
kaw yàpp wa, Ibraam nag dàq leen.
12 Ba jant bay so, ngëmment lu réy a ko
jàpp, tiitaange ju mag, ànd ak lëndëm gu ne
këruus, ne milib ci kawam.
13 Aji Sax ji wax Ibraam ne ko: «Déglul
bu baax li ma lay wax: saw askan dinañu
nekk ay doxandéem ci réew mu ñu
moomul, te dees na leen def ay jaam,
mitital leen diiru ñeenti téeméeri at (400).
14 Waaye waa réew moomu leen di def
ay jaam, dinaa leen àtte. Gannaaw loolu
sa askan dina ca génn, ànd ak alal ju bare.
15 Yaw nag dinga gudd fan lool, doora
génn àddina, ñu denc la, nga fekki say
maam ci jàmm.
16 Say sët-sëtaat ay délsi fii bu seen
jamono jotee, ndaxte bàkkaaru Amoreen

* **14.18 *Melkiccedeg:*** mu ngi tekki «buuru Njubte».
* **15.16 *Amoreen ñi:*** ñoo njëkkoona moom réewu Kanaan.

ñi* jéggeegul dayo.»
17 Ba jant sowee, ba guddi jot, njaq luy
saxaar, ànd ak jum buy tàkk, daldi jaar ci
diggante dogi yàpp yooyu.
18 Keroog Aji Sax ji fas na kóllëre
digganteem ak Ibraam, ne ko: «Askan wi
soqikoo ci yaw laa jox réew mii dale ci
dexu Misra, ba ca dex gu mag googee di
Efraat,
19 mooy réewu Keneen ñi ak Keniseen ñi
ak Kadmoneen ñi
20 ak Etteen ñi ak Periseen ñi ak
Refayeen ñi,
21 boole ci réewum Amoreen ñi ak
Kanaaneen ñi ak Girgaseen ñi ak
Yebuseen ñi.»

# 16

*Ismayla juddu na*

1 Sarayi amul woon doom ak boroom
këram Ibraam. Waaye fekk na mu am
jaam bu juddoo Misra te tudd Ajara.
2 Sarayi ne Ibraam: «Li am mooy Aji Sax
ji deful ma am doom. Kon ngalla waay,
jëlal sama jaam bi, tëdd ak moom ndax
Yàlla def, mu amal ma doom ju góor.»
Ibraam nag dégg la Sarayi wax.
3 Looloo ngi am, gannaaw ba Ibraam
dëkkee fukki at ca réewu Kanaan. Sarayi
daldi jël Ajara, jaamam bi juddoo Misra,
jox ko jëkkëram Ibraam, ngir mu tëdd ak
moom.
4 Loolu wees Ibraam séy ak Ajara, mu
daldi ëmb. Ajara yég ne ëmb na, indi nag
yabeel digganteem ak sangam Sarayi.
5 Sarayi nag wax Ibraam ne ko: «Tooñ gi
ma Ajara di tooñ, yaa ma ko yóbbe! Maa la
jox sama jaam, ngir nga tëdd ak moom,
naam, waaye moom, naka la yég ne ëmb
na rekk, daldi indi yabeel sama
digganteek moom. Kon yal na ma Aji Sax
ji àtteek yaw!»
6 Ibraam wax Sarayi ne ko: «Sa jaam a
ngoog ci say loxo, def ko lu la neex.»
Sarayi nag di toroxal Ajara, ba mu daw, ba
soreek moom.
7 Ba mu dawee, malaakam Aji Sax ja gis
ko fu dend akub bëtu ndox ca màndiŋ ma,
mooy bëtu ndox ba ca yoonu Sur.
8 Mu ne ko: «Yaw Ajara, jaamu Sarayi bi,
foo bàyyikoo nii? Ak foo jëm?» Mu ne ko:
«Damay daw ba fu soreek sama sang
Sarayi.»
9 Malaakam Aji Sax ja ne ko: «Dellul ca sa
sang, te nga yem ciy loxoom.»
10 Mu teg ca ne ko: «Dinaa yokk sa askan
lool, ba kenn du leen mana waññ,»
11 tegaat ca ne ko:
«Léegi jigéenu wérul nga, te dinga am doom
ju góor;
nanga ko tudde Ismayla (muy firi Yàlla
dégg na),
ndax Aji Sax ji yég na sa naqar.
12 Ismaylaay tiiñe, ni mbaamu àll mu
deesul noot,
di noonoo ñépp, ñépp noonoo ko.
Mooy sanc fu muy jàkkaarlook bokkam
yépp.»
13 Ajara nag tudde Aji Sax ji wax ak
moom, Ata El Roy (muy firi Yaa di Yàlla jiy
gis), ndaxte da ne: «Moo man! Moona gis
naa Yàlla, moom it mu gisal ma boppam
de!»
14 Loolu moo tax ñu tudde teen booba
teenu Laxay Roy (muy firi teenu Aji Dund
ji may gis); mu nga nekk diggante Kades
ak Beredd.
15 Ba loolu weesoo Ajara amal Ibraam
doom ju góor. Ibraam tudde doom ji
Ismayla.
16 Ba Ajaray am Ismayla, Ibraam a ngi
tollu woon ci juróom ñett fukki at ak
juróom benn (86).

# 17

*Yàlla soppi na turu Ibraam*

1 Ba Ibraam amee juróom ñeent fukki at
ak juróom ñeent (99), am na bés Aji Sax ji
feeñu ko ne ko: «Man maay Yàlla Aji Man ji.
Topp ma te mat sëkk.
2 Dinaa feddali sama kóllëre ak yaw,
yokk la bu baax.»
3 Ibraam dégg loola, daldi sujjóot. Yàlla
wax ak moom ne ko:
4 «Man ci sama wàllu bopp, kóllëre gi ma
fas ak yaw mooy lii. Dinga nekk maamu
xeet yu baree bare.
5 Te tuddatuloo Ibraam; léegi yaa di
Ibraayma (muy firi Maamu ñu bare), ndax
maa la def ngay maamu xeet yu baree
bare.

6 Dinaa la defal njaboot gu ne xas, ay
xeet sosoo ci yaw, ba ay buur soqikoo ci
yaw.
7 Te dinaa feddali sama kóllëre gi ci
sama diggante ak yaw, yaak sa askan,
muy kóllëre guy sax maasoo maas ba fàww.
Maay doon sa Yàlla, yaak sa askan.
8 Te réew mi nga doon ab doxandéem
léegi, muy réewu Kanaan mépp, jox naa la
ko, yaak sa askan, ngeen moom ko fàww.
Te dinaa doon seen Yàlla.»

### *Xaraf màndargaal na kóllëreg Yàlla*

9 Gannaaw loolu Yàlla waxaat na
Ibraayma ne ko: «Yaw nag, sàmmal sama
kóllëre, yaak sa askan ak say sët ak say
sëtaat.
10 Kóllëre gi ma fas ak yaw, te nga war
koo sàmm, yaak sa askan, li mu laaj mooy
lii: Góor gu nekk ci yeen, war naa xaraf.
11 Xaraf mooy màndargaal kóllëre googu
ma fas ak yeen.
12 Xale bu góor, bu amee juróom ñetti fan
war naa xaraf. Képp kuy góor ci seen
maasoo maas, war naa xaraf, ba ci jaam
bu juddoo sa kër, mbaa ku ñu jënd ci sa
xaalis, ak bépp doomu doxandéem boo
jurul.
13 Jaam bu juddoo sa kër ak boo jënd,
ñoom ñaar ñépp, dees leen wara xarafal.
Xaraf ay màndargaal sama kóllëre ci seen
yaram, muy kóllëre gu sax ba fàww.
14 Góor gu xaraful, ndax nanguwula
xaraf, dees na ko dagge ci biir xeetam,
ndax sàmmul sama kóllëre.»
15 Ba loolu weesoo Yàlla waxaat na
Ibraayma, ne ko: «Sa soxna tuddatul
Sarayi; léegi moo di Saarata*.
16 Dinaa ko barkeel, may la ak moom
doom ju góor; dinaa ko barkeel moos, ba
mu jaboote xeet yu bare, te ay buuri xeet
sax dinañu soqikoo ci moom.»
17 Bi Ibraayma déggee loolu, daa sujjóot,
ree. Booba ma nga naan ci xelam: «Góoru
téeméeri at, ndax dina mana am doom
waay? Te Saarata, mi am juróom ñeent
fukki at (90) sax, manati naa am doom a?»
18 Ibraayma ne Yàlla: «Moo, tee ngaa
saxal Ismayla rekk te ànd ak moom?»
19 Yàlla ne ko: «Waaw, waaye du tere sa
soxna Saarata amal la doom ju góor, nga
tudde ko nag Isaaxa. Dinaa fas ak moom
sama kóllëre, mu wéy ba ciy sëtam ba fàww.
20 Bu dee ci wàllu Ismayla, nangul naa la
ba tey. Ndax kat dinaa ko barkeel, jox ko
njaboot gu yaa, yokk ko bu baax. Dina jur
fukki kilifa ak ñaar yu mag, te dinaa ko
defal mu sos xeet wu yaa.
21 Waaye sama kóllëre nag, Isaaxa laa
koy fasool, moom Isaaxa, mi Saarata di
am, nëgëni déwén.»
22 Loola la Yàlla wax Ibraayma, daldi fay
bàyyikoo.
23 Ba loolu amee Ibraayma boole
doomam Ismayla, ak jaam yi juddoo
këram yépp, ak ñi mu jëndoon ci xaalisam
ñépp, góori waa këram ñépp, xarafal leen
ca bés ba, muy la ko Yàlla waxoon.
24 Ibraayma amoon na juróom ñeent
fukki at ak juróom ñeent (99), bi muy xaraf;
25 doomam Ismayla am fukki at ak ñett,
bi ñu koy xarafal.
26 Bésub keroog la Ibraayma xaraf,
moom ak doomam Ismayla
27 ak mboolem góori këram, muy jaam ya
fa juddoo mbaa ñu mu jënd ci ay
doxandéem, ñoom ñépp a ànd ak moom
xaraf.

# 18

### *Ibraayma ak ganam ña*

1 Am na bés, Aji Sax ji feeñu Ibraayma ca
garabi Mamre yu mag ya. Booba ma nga
toogoon ca buntu xaymaam ci digg
njolloor.
2 Naka la siggi, gis ñetti nit, ñu ne jimeet
ci kanamam. Ibraayma gaawtu, gatandu
leen, sujjóotal leen.
3 Mu daldi ne: «Sang bi, siyaare naa la.
Ngalla waay, bu ma romb.
4 Xaarleen, ñu indil leen tuuti ndox,
ngeen jàngu te noppalu ci ker garab gi.
5 Maa ngi leen di indil dogu mburu mu
ngeen dëgërloo, ba mana topp seen yoon,
gannaaw nangu ngeena toog, ma siyaare
leen.» Ñu ne ko: «Waaw, baax na.»
6 Ibraayma daldi gaaw, dugg biir xayma
ba, ne Saarata: «Gaawal, jël ñetti ndabi

* **17.15 *Sarayi, Saarata*** neexoo na ak baatu ebrë biy tekki «lingeer, doomu buur».

sunguf su mucc ayib, noot ko, def ko
mburu yu ndaw.»
7 Ibraayma nag daw ca gétt ga, sàkk fa
sëllu wu duuf te baax, ñëw jox ko jaamam,
mu gaaw togg ko.
8 Ibraayma taajal leen ndawal, la ñu
togg, ba mu sotti, indaaleel leen soow ak
meew mu bees. Ma nga taxaw ca seen wet
ca ker garab ga, ñuy lekk.
9 Ñu daldi ko laaj ne ko: «Ana sa soxna
Saarata?» Mu ne leen: «Mu ngi ci biir.»
10 Kooka ne ko: «Nëgëni sii déwén déy
laay délsi, te sa soxna Saarata dina am
doom ju góor moos.» Bi muy wax loolu,
Saarataa ngi ci buntu xayma bi ci
gannaawam, di déglu.
11 Booba fekk na Ibraayma ak Saarata
doon mag, ba màggat lool sax, te Saarata
weesoon na njurum doom.
12 Ci kaw loolu Saarata ree ci suuf, daldi
ne: «Man mu ñor xomm mii, ndax man
naa amati boobu bànneex, te sama
boroom kër it di mag?»
13 Aji Sax ji daldi wax Ibraayma ne ko:
«Lu Saarata di ree, te naan: “Man mu
màggat mii, deeti naa am doom moos?”
14 Ana lu të Aji Sax ji? Bu ñu ca àggee
nëgëni déwén déy, dinaa fi délsiwaat, te
Saarata dina am doom ju góor.»
15 Saarata dégg loolu, daldi tiit, miim ko
ne: «Reetaanuma de.» Teewul Aji Sax ji ne
ko: «Ree nga kay!»

### *Ibraayma tinul na waa Sodom*

16 Gannaaw loolu gan ña jóge foofa, tiim
Sodom, di ko séen. Ibraayma ànd ak ñoom,
di leen gunge.
17 Booba Aji Sax jaa ngi wax naan:
«Xanaa duma nëbb Ibraayma li ma nar?
18 Ndax kat Ibraayma dina sos xeet wu
mag te am doole, te xeeti àddina yépp ci
moom lañuy barkeele.
19 Moo tax ma tànn ko, ngir mu sant ay
doomam ak waa këram, ñuy déggal Aji Sax
ji, di jëfe yoon ak njub. Noonu laay defale
Ibraayma li ma ko digoon.»
20 Aji Sax ji nag àddu ne: «Bàkkaari
Sodom ak Gomor bare na lool, ba may
dégg yuux, yi sababoo ci seen moy.
21 Dinaa wàcc, seede ko, ba mu wóor ne
ñoo def lépp li sabab yuux yi, am déet.»
22 Gan ña nag dem, jublu Sodom,
Ibraayma moom taxaw ba tey, fi kanam
Aji Sax ji.
23 Naka la Ibraayma jegeñsi, ne ko:
«Mbaa doo boole ku jub ak ku jubadi, rey
leen?
24 Su juróom fukk rekk jubee ca dëkk bi,
mbaa doo tas dëkk bi ba tey, tee nga leena
jéggal rekk ngir juróom fukk ñu jub ña ca
nekk?
25 Rikk bul yemale ku jub ak ku jubadi,
ba boole leen rey, loolu jomb na la moos!
Yaw miy àtte àddina sépp kay, lu jub rekk
ngay def!»
26 Aji Sax ji ne ko: «Su ma gisee ci Sodom
juróom fukk ñu jub, dinaa jéggal waa dëkk
bi yépp ngir ñoom.»
27 Ibraayma dellu ne: «Ma ñemee wax ak
yaw, Boroom bi, te duma dara ba dara
booloo jeex.
28 Waaye juróom fukk ñooñu jub, su
yéesee juróom rekk nag? Mbaa doo tas
dëkk bi ndax juróom ñi ci yées?» Aji Sax ji
ne ko: «Su ma fa gisee ñeent fukk ak
juróom ñu jub, duma ko tas.»
29 Ibraayma dellu wax ne: «Su fa ñeent
fukk ñu jub rekk amee nag?» Aji Sax ji ne
ko: «Duma def dara ngir ñeent fukk ñooñu.»
30 Ibraayma dellooti ne: «Rikk Boroom
bi, bu ma mere. Dinaa ci teg lii. Su fa
fanweer ñu jub rekk amee nag?» Aji Sax ji
ne ko: «Su fa fanweer ñu jub amee, kon
duma def dara.»
31 Ibraayma neeti: «Léegi ma ñemeeti
wax ak yaw boog, Boroom bi! Su ñu doon
ñaar fukk rekk nag?» Aji Sax ji ne ko: «Kon
duma ko tas ngir ñaar fukk ñooñu.»
32 Ibraayma dellu neeti: «Ngalla Boroom
bi, bul mer, ma wax bii yoon rekk te
noppi. Léegi su ñu dee fukk doŋŋ nag?» Aji
Sax ji ne ko: «Kon duma tas dëkk bi, ndax
fukk ñooñu jub.»
33 Loolu la Aji Sax ji wax ak Ibraayma,
daldi dëddu. Ibraayma it ñibbi këram.

## 19

### *Bàkkaari waa Sodom*

1 Ba loolu amee ñaari malaaka ya dikk
Sodom ca ngoon, fekk Lóot toog ca buntu

dëkk ba*. Lóot séen leen, jóg gatandu leen,
daldi leen sujjóotal, ne leen:
2 «Dégluleen ma, ngalla sang yi, siyaare
naa leen, tee ngeena dal ak man, su ko
defee ngeen jàngu, fanaan ba suba, ngeen
xëy topp seen yoon?» Ñu ne ko: «Bàyyil, nu
fanaan ci mbedd mi.»
3 Lóot nag soññ leen, ba ñu dal këram,
mu ganale leen. Lóot da leena berndeel,
lakkal leen mburu mu amul lawiir, ñu
lekk.
4 Teewul bala ñoo tëdd, góori Sodom,
mag ak ndaw, daldi jóge gox bu nekk, ñëw
yéew kër ga.
5 Ñu daldi woo Lóot ne ko: «Ana góor ñi fi
ñëw tey ci guddi? Génneel nu leen fii, ndax
nu mana àgg seen kaw.»
6 Lóot génn, fekk leen ca buntu kër ga ca
biti, daldi tëj bunt ba.
7 Mu ne leen: «Bokk yi, ngalla buleen def
lu bon loolu waay!
8 Dégluleen, ma wax leen; man, am naa
ñaari doom yu jigéen, te xamuñu góor.
Mayleen ma, ma yót leen leen, ngeen def
leen lu leen neex. Rikk buleen def góor ñii
dara, ndaxte samay gan lañu.»
9 Ñu ne ko: «Toppal fale!» te naan: «Waay!
Waa jii dal ci sunu dëkk bi rekk, bëgg di fi
àtte! Léegi nag dinanu la def lu raw li nu
bëggoona def say gan.» Ñu song Lóot, ba
nara dàjji bunt ba.
10 Teewul gan ña yoor seeni loxo, ñoddi
Lóot ba ci biir, tëj bunt ba.
11 Ba loolu amee ñu gumbaal nit ña
nekkoon ca buntu kër ga, mag ak ndaw,
ñuy làmbatu bunt ba, ba sonn, bàyyi.

## *Lóot génn na Sodom*

12 Ba loolu wéyee gan ña wax Lóot ne ko:
«Boo amee mbokk ci dëkk bi, muy sa doom
ju góor mbaa ju jigéen, mbaa kuy denc sa
doom—koo fi am, génne ko fi,
13 ndax dinanu ko tas de. Aji Sax ji dégg
na jooytu yu réy, yi niti dëkk bi sabab, ba
tax mu yónni nu, ngir nu ñëw tas ko.»
14 Lóot daldi génn, wax ak goroom, ya
naroona takk ay doomam yu jigéen, ne
leen: «Gaawleen gaaw, génn dëkk bi, ndaxte
Aji Sax ji dina ko tas.» Teewul ñu defe ne
day kaf.
15 Fajar a ngay xar, malaaka ya fuug
Lóot ne ko: «Gaawal gaaw, ànd ak sa soxna
ak sa ñaari doom yu jigéen yii, ba bu Yàlla
tasee dëkk bi, dungeen sànku.»
16 Lóot di tendeefal, gan ña jàpp ci loxo
bi, booleek soxnaam ak ñaari doomam
génne, làq leen ca gannaaw dëkk ba, ndax
yërmande ju Aji Sax ji am ci Lóot.
17 Ba ñu leen génnee, kenn ci ñoom ne
Lóot: «Dawal sa xélu bakkan, bul geestu,
bul taxaw fenn ci joor gi. Dawal ca tund
ya, bala ngaa dee.»
18 Lóot nag ne ko: «Déet, sang bi!
19 Defal nga ma yiw, yërëm ma lool, ba
musal ma. Waaye bala maa daw, ba àgg ca
tund ya, musiba mii man naa dal ci sama
kaw, ma dee.
20 Gisuloo dëkk bale; jege na, te dëkk bu
tuut la, am déet? Ma daw, làquji fa boog, ba
mucc?»
21 Malaaka ma ne ko: «Waaw baax na ba
tey, duma tas dëkk boobu ngay wax.
22 Nanga gaaw nag, làquji fa, ndax duma
mana def dara te àgguloo fa.» Loolu moo
tax ñu tudde dëkk boobu Cowar (muy firi
Bu tuut).

## *Yàlla tas na dëkk yooyu di Sodom ak Gomor*

23 Ba jant bay fenk, Lóot dugg na Cowar.
24 Aji Sax ji nag yuree ca asamaan
tamarax buy tàkk, muy taw ci kaw Sodom
ak Gomor, na ko Aji Sax ji dogale.
25 Mu daldi tas mboolem dëkki joor ga,
boole ca nit ña ak gàncax gépp.
26 Ci kaw loolu soxnas Lóot ne gees,
jëmm ja far soppaliku xorom.
27 Ca ëllëg sa Ibraayma teela jóg, dem fa
mu taxawoon jàkkaarlook Aji Sax ji.
28 Naka la séen Sodom ak Gomor ak joor
ga ba fa mu yem, gis nag saxaar suy gillee
ci suuf, mel ni saxaaru taalu ban.
29 Ndaxam bi Yàllay tas dëkki joor ga,
xalaat na Ibraayma, ba musal Lóot ca
dogalam boobee, keroog ba mu tasee dëkk
ya Lóot daloon.

## *Mbirum Lóot ak doomam yu jigéen ya*

30 Gannaaw loolu Lóot ragala dëkk
Cowar, ba toxoo fa, ànd ak ñaari doomam

* **19.1 *ca buntu dëkk ba*** la pénc ma nekkoon, booy duggsi.

yu jigéen, sanci ca tund ya. Mu dëkk ci
xuntum xeer, moom ak ñaari doomam yu
jigéen.
31 Mu am bés, taaw bi wax rakk ji, ne ko:
«Sunu baay a ngii màggat, te fii fépp amul
góor gu nu mana séqal ci wàllu séy, ni ko
waa àddina yépp baaxoo defe.
32 Kon nanu def nii: danuy nàndal sunu
baay biiñ, tëdd ak moom, ngir sunu xeetu
baay du fey.»
33 Ca guddi ga ñu nàndal seen baay biiñ,
taaw ba dugg, tëdd ak baayam, te Lóot
yégul ba fa doom jay tëdd ak ba muy jóg.
34 Ca ëllëg sa taaw ba wax rakk ji, ne ko:
«Man tëdd naa ak sama baay biig; guddig
tey it, danu koy nàndalaat biiñ, su ko defee
nga dugg tëdd ak moom, ndax sunu xeetu
baay du fey.»
35 Guddi jot, ñu nàndalaat seen baay biiñ,
rakk ja dem tëdd ak baayam, te Lóot yégul
ba fa doom jay tëdd ak ba muy jóg.
36 Noonu la ñaari doomi Lóot def ak seen
baay, daldi cay doxe ëmb.
37 Taaw ba am ca doom ju góor, tudde ko
Mowab (muy firi Jóge ci baay). Mowab
moo sos Mowabeen, ñi fi nekk ba tey.
38 Rakk ja moom it am doom ju góor,
tudde ko Ben Aami (muy firi Sama doomu
mbokk). Ben Aami moo sos Amoneen, ñi fi
nekk ba tey.

# 20

### *Lu jëm ci Ibraayma ak Abimeleg*

1 Ba loolu amee Ibraayma jóge fa mu
nekkoon, jublu àllub Negew, sanci
diggante Kades ak Sur, ba noppi ganeji ay
fan ca dëkk ba ñu naa Gerar.
2 Ba Ibraayma àggee nag, da ne soxnaam
Saarata ab jigéenam la. Abimeleg buurub
Gerar daldi yónnee jëlsi Saarata.
3 Teewul genn guddi Yàlla feeñu
Abimeleg ci gént ne ko: «Yaw, dee nga ba
noppi, ndax jigéen ji nga nangu, soxnas
jàmbur la.»
4 Loolu fekk Abimeleg àndagul ak
Saarata. Mu wax Yàlla ne ko: «Sama
Boroom, mbaa doo bóom réew mi ci mbir
mu ñu doonul dara?
5 Du góor gi da maa waxoon ne kii
jigéenam la? Du jigéen ji it da maa waxoon
ne kooku càmmiñam la? Fexewuma dara
lu ñaaw te di ko tey de!»
6 Yàlla ne ko ca gént ga: «Waaw, xam naa
ne li nga def du sa teyeef. Moo tax man it
mayuma la nga laal ko, di ma tooñ.
7 Léegi nag dellool góor gi soxnaam, ab
yonent la de, te dina la ñaanal, nga raw.
Waaye soo ko deful, na la bir ne dinga dee,
yaak sa waa kër yépp.»

8 Abimeleg jóg suba teel, woolu dagam
yépp, nettali leen loolu lépp, ñu tiit lool.
9 Gannaaw loolu Abimeleg woolu
Ibraayma ne ko: «Li nga nu def nag? Ndax
dama laa tooñ, ba nga yóbbe ma tooñ gu
réye nii, man ak sama réew mi mépp? Lii
nga ma def de, waroo ko woona def.»
10 Abimeleg teg ca ne ko: «Te li nga def
sax, lu la ci xiir?»
11 Ibraayma ne ko: «Da di dama noon,
amul kenn ci réew mii ku ragal Yàlla, te
dees na ma rey ndax sama soxna.
12 Te moona dëgg la sax, sama jigéen a,
ndaxte danoo bokk baay te bokkunu yaay,
ma jël ko.
13 Te bés, ba ma Yàlla génnee sama kër
baay, may wëndeelu, dama koo waxoon ne
ko: “Déglul, baaxe ma ci lii: Fépp fu nu
dem, nanga wax ne sa càmmiñ laa.”»

14 Ba mu waxee ba noppi, Abimeleg jël
ay xar aki nag ak ay jaam yu góor ak yu
jigéen, jox ko Ibraayma, daldi ko delloo
soxnaam Saarata.
15 Abimeleg ne ko: «Sama réew mépp a
ngi noonu, dëkkal fu la neex.»
16 Gannaaw loolu mu wax Saarata ne
ko: «Déglu ma fii, jox naa sa càmmiñ limu
junniy dogi xaalis*. Loolu dama koo def,
ngir setal sa der ci kanam ñi nga dëkkal
ñépp. Léegi nag ñépp xam nañu ne set nga
wecc.»
17-18 Fekkoon na Aji Sax ji um jigéeni
waa kër Abimeleg, ba kenn du ci am
doom, du soxnaam, du ay jaamam, te li ko
waral di Saarata soxnas Ibraayma.
Ibraayma nag ñaan Yàlla; Yàlla def ñu wér,
ba mana am doom.

* **20.16** ***junniy dogi xaalis*** tollu woon na ci fukki kiloy xaalis ak benn ca jamono jooja.

# 21

*Juddub Isaaxa*

1 Gannaaw loolu Aji Sax ji yéwéne na
Saarata, ni mu ko waxe woon, defal ko li
mu ko digoon.
2 Saarata ëmb, amal Ibraayma doom ju
góor ci jamono, ji ko Yàlla waxoon, te fekk
góor gi di màggat.
3 Ibraayma tudde doomu Saarata jaak
moom, Isaaxa.
4 Ba bés ba délsee, Ibraayma xarafal
doomam Isaaxa, ni ko ko Yàlla digale
woon.
5 Ba Isaaxa di juddu, booba Ibraaymaa
ngi woon ci téeméeri atam.
6 Saarata ne:
«Yàllaaka maa bégal, may ree,
ànd ak ku yég, nuy ree*.»
7 Mu neeti:
«Éy, ku noon Ibraayma, Saarataa ngay
nàmpal!
Teewul ma jural ko góor, te muy mag.»

*Saarata jote na ak Ismayla ak Ajara*

8 Ba loolu amee doom ja màgg, ba bés, ba
ñu ko feralee. Keroog Ibraayma def na
bernde ju mag.
9 Saarata nag gis doomu Ajara mu Misra,
doom ji Ajara am ak Ibraayma, muy ree.
10 Saarata ne Ibraayma: «Dàqal jaam bii,
mook doomam, ndax doomu jaam bii du
bokk ak sama doom ndono.»
11 Loolu Saarata wax naqari Ibraayma
lool ndax li Ismayla di doomam, moom it.
12 Teewul Yàlla ne Ibraayma: «Bu la dara
naqari ci xale bu góor bii, mook sa jaam bi.
Defalal Saarata li mu la wax rekk, ndax ci
Isaaxa lees di tudde saw askan.
13 Doomu jaam bi it, dinaa ci lawale aw
xeet nag, ndaxte yaa ko jur.»
14 Ca ëllëg sa Ibraayma jóg suba teel,
sàkk mburu, booleek mbuusu ndox, jox
Ajara, mu gàddu. Mu daldi ko dénk
Ismayla, yebal ko, mu dem. Ci kaw loolu
muy wëndeelu ca màndiŋu Beerseba.
15 Ba ñu demee, ba ndox ma jeex, Ajara
daa bàyyi xale bu góor bi ci taatu ngarab
su ndaw,
16 dox, ba dànd ko lu tollook saanu fitt,
toog nag jàkkaarlook moom te naa ci
xelam: «Duma fekke mukk sama deewu
doom.» Naka la toog foofa janook moom,
ne yikkét jooy.
17 Ba mu ko defee Yàlla dégg baatu xale
bu góor ba. Malaakam Yàlla ma àddoo
asamaan, ne Ajara: «Ajara, lan la? Bul
ragal dara, ndaxte Yàlla dégg na sa baatu
doom ci diggante bii mu tollu.
18 Demal yékkati ko, may ko loxo, mu jóg.
Dinaa def mu law, ba doon xeet wu yaa.»
19 Ci kaw loolu Yàlla muri ay bëtam, mu
gis ab seyaan, daldi cay dem, duy
mbuusam, ba mu fees, jox ca doomam,
mu naan.
20 Yàlla nag ànd ak Ismayla, muy màgg,
dëkk ca màndiŋ ma, di fittkat.
21 Ca àllub Paran la dëkkoon, yaayam
wutali ko soxna ca réewum Misra.

*Ibraayma waatoo na ak Abimeleg*

22 Jamono yooyu Abimeleg àndoon na ak
Pikol kilifay xarekatam, dem ci Ibraayma
ne ko: «Gis naa ne Yàlla ànd na ak yaw, di
àntal li ngay def lépp.
23 Léegi nag waatal ma fii ci Yàlla ne doo
ma wor mukk, man ak samay doom, ba ci
samay sët. Waatal ma ne noonee ma
rafetoo woon ak yaw, ni ngay rafetoo ak
man, maak waa réew mi nga dal.»
24 Ibraayma ne ko: «Waat naa ko.»
25 Ci kaw loolu Ibraayma tawat
Abimeleg teen bu surgay Abimeleg nangu
woon ci moom, aakimoo ko.
26 Abimeleg nag ne ko: «Xawma ku la def
jooju jëf de, ndax yaw waxoo ma ci dara;
guléet ma dégg ko tey.»
27 Ba loolu amee Ibraayma jël ay gàtt aki
nag, may ko Abimeleg, ñu fasoo kóllëre
ñoom ñaar.
28 Fekk na Ibraayma ber juróom ñaari
xar yu jigéen.
29 Abimeleg nag ne Ibraayma: «Lu tax
nga ber juróom ñaari xar yooyu?»
30 Ibraayma ne ko: «Jëlal xar yii ci sama
loxo, muy firnde ne man maa gas teen
bii.»
31 Looloo tax ñu tudde béreb boobu
Beerseba (muy firi Teenu waat ga)†,
ndaxte fa lañu waatoo woon ñoom ñaar.

* **21.6** Isaaxa mu ngi tekki «ree» ci làkku ebrë.
† **21.31** ***Beerseba*** man naa tekki *teenu juróom ñaar* ba tey.

32 Naka lañu fasoo kóllëre ca Beerseba,
Abimeleg jóg ànd ak Pikol kilifay
xarekatam, ñu ñibbi réewu Filisti.
33 Ibraayma nag jëmbat na garabu
tamaris foofa ca Beerseba, tudd fa Aji Sax
ji, Yàlla ji nekk ba fàww, ngir wormaal ko.
34 Ibraayma gane na réewu Filisti lu
yàgg.

## 22

*Yàlla nattu na Ibraayma*

1 Gannaaw loolu am na bés Yàlla di nattu
Ibraayma ne ko: «Ibraayma!» Mu ne ko:
«Naam.»
2 Yàlla ne ko: «Ngalla jëlal sa jenn doom jii
di Isaaxa, muy koo bëgg, nga dem ca réewu
Morya ca tund wa ma lay wax, joxe ko fa,
mu nekk saraxu rendi-dóomal.»
3 Ibraayma nag teela xëy, takk
mbaamam, ànd ak ñaari surgaam ak
doomam Isaaxa, daldi xar matt, mi muy
lakke sarax bi. Ma nga jëm fa ko Yàlla wax.
4 Ca gannaaw ëllëg sa, Ibraayma daa
dawal bëtam, séen béreb ba fu sore.
5 Mu ne surga ya: «Négleen fii, mbaam
mi taxaw. Man ak xale bi nu dem ba fale,
màggali Yàlla te ñëw.»
6 Ba loolu amee Ibraayma jël mattum
saraxu rendi-dóomal ba, yen ko doomam
Isaaxa; moom mu ŋàbb la muy taale ak
paaka ba ci loxoom, ñu ànd ñoom ñaar.
7 Isaaxa ne baayam Ibraayma: «Baay!»
Mu ne ko: «Naam, doom sama.» Isaaxa ne
ko: «Sawara saa ngi, matt maa ngi, waaye
ana gàtt, bi nuy sarxal?»
8 Ibraayma ne ko: «Yàlla moom ci
boppam dina dikk ak gàtt bi nuy def sarax,
doom,» ñu daldi ànd dem, ñoom ñaar.
9 Ba ñu àggee fa ko Yàlla wax, Ibraayma
sàkk fa ab sarxalukaay, teg ca matt ma,
yeew Isaaxa doomam, teg ko ca kaw matt
ma ca sarxalukaay ba.
10 Ibraaymaa nga tàllal loxoom, ŋëb
paaka ba, ngir rendi doom ja.
11 Teewul malaakam Aji Sax ja àddoo
asamaan, ne ko: «Ibraayma! Ibraayma!»
Mu ne ko: «Ãa!»
12 Malaaka ma ne ko: «Bu sa loxo laal
xale bi; bu ko def dara, ndaxte léegi xam
naa ne ragal nga Yàlla, ndax gàntaloo ma sa
jenn doom ji.»
13 Naka la Ibraayma siggi rekk, yem ci
menn kuuy mu béjjén ya lonke ci as
ngarab. Ibraayma dem, jël kuuy ma,
rendi, mu wuutu doom ja, di ab saraxu
rendi-dóomal.
14 Ibraayma nag tudde béreb boobu
Yawe Yire (muy firi Aji Sax ji dina dikk).
Moo tax ñuy wax ba tey, naan: «Aji Sax jaa
ngay dikke ca tundam.»
15 Ci kaw loolu malaakam Yàlla ma dellu
àddoo asamaan ne Ibraayma:
16 «Déglul lii Aji Sax ji wax: "Giñ naa ci
man mii, gannaaw yaa def lii, te gàntaloo
ma sa jenn doom ji,
17 maa lay barkeel a barkeel, ful a ful
saw askan ni biddiiwi asamaan, mbaa
feppi suufi géej. Sa askan dina teg ay
bañam tànk,
18 te xeeti àddina yépp ci saw askan lañuy
barkeele, ndax déggal nga ma."»
19 Ba loolu wéyee Ibraayma wañi̇ku,
fekki surga ya, ñu daldi ànd ñoom ñépp, jëm
Beerseba, ndax fa la Ibraayma dëkkoon.

*Askanu Naxor*

20 Gannaaw gi, dañoo yégal Ibraayma ne
ko: «Milka nag am na ay doom moom it,
moom ak sa mbokk Naxor:
21 Ucc lañu taawloo, teg ca Bus, teg ca
Kemwel, miy baayu Aram,
22 teg ca Keset ak Aso ak Pildas ak Yidlaf
ak Betuwel.»
23 Betuwel ay baayu Rebeka. Ñooñu ñooy
juróom ñetti doom yu góor, yi Milka am ak
Naxor, mi bokk ak Ibraayma ndey ak
baay.
24 Rewma it nekkaaleem la woon, doom
ya mu ca am di Teba ak Gaxam ak Taxas
ak Maaka.

## 23

*Ibraayma jënd na suuf ca Kanaan*

1 Saarata dund na, ba am téeméeri at ak
ñaar fukk ak juróom ñaar (127),
2 doora faatu ca Kiryaat Arba, mooy
Ebron, ca réewu Kanaan. Ibraayma nag
dëj Saarata, jooy ko lool.

* **23.3 *Etteen ña:*** ñooñoo nga bokk ci askanu Ett. Ñoo moomoon diiwaanu Ebron ca jooja jamono.

3 Gannaaw loolu Ibraayma bàyyi fa
néew ba, dem ca Etteen ña*, ne leen:
4 «Dama di doxandéem ci seen biir, tey
gan; moo tax ma di leen ñaan, ngeen sédd
ma bàmmeel† bu ma suul sama néew, ba
mu làqu ma.»
5 Kenn ci Etteen ñi wax Ibraayma ne ko:
6 «Déglul rekk, kilifa gi. Kilifa gu mag nga
ci sunu biir. Dangay tànn ci sunuy
bàmmeel, bi la neex, suul fa néew bi; kenn
ci nun du la tere, nga suul sa néew ci
bàmmeelam.»
7 Naka la Ibraayma dégg loolu, daldi jóg
sujjóotal waa réew ma, maanaam Etteen
ña.
8 Mu ne leen: «Gannaaw nangu ngeen,
ma suul fi sama néew, ba mu làqu ma,
dégluleen, ma wax leen li ma bëgg ngeen
ñaanal ma Efron doomu Cowar.
9 Damaa bëgg, mu bàyyee ma xuntum
xeer, mi ñuy wax Magpela te muy boroom
béreb bi. Mu ngi ci catu toolam. Na ma ko
jaay lu mat njëgam sëkk, dinaa ko jënd,
muy sama bàmmeel ci seen biir.»
10 Booba Efron a ngi teew ci biir Etteen
ñi. Efron, miy Etteen nag, wax ak
Ibraayma ci kanam bokkam yi séq pénc
mi, ne ko:
11 «Déglul, ma wax la, kilifa gi, fabal tool
bi, booleek xuntum xeer mi ci nekk far.
Maa la ko jox ci sama kanami bokk; jëlal,
denc fa sa néew.»
12 Ba mu ko defee Ibraayma sujjóotal
waa réew ma,
13 daldi wax Efron ci seen kanam ne ko:
«Ngalla déglu ma, dama lay jox njëgu tool
bi, nga jël rekk, ndax ma man faa suul
sama néew.»
14 Efron wax Ibraayma ne ko:
15 «Déglu ma, kilifa gi, suuf suy jar ñeenti
téeméeri dogi xaalis doŋŋ‡ du dara ci sama
diggante ak yaw; tee nga faa denc sa néew
rekk?»
16 Ibraayma dégg li ko Efron wax, daldi
waññal Efron limu xaalis bi mu wax ci
kanam Etteen ñi, maanaam ñeenti téeméeri
dogi xaalis yu dëppook nattu jaaykat ya.
17-18 Noonu la Ibraayma jënde toolub
Efron ba nekk ca Magpela te janook
Mamre, muy moomeelam. Dafa jënd tool
ba bépp, jëndaale xuntum xeer ma ca biir,
ak garab ya ca sax yépp, ba fa tool ba yem.
Mboolem Etteen ña séqoon pénc ma, seede
ne Ibraayma moo ko moom.
19 Ibraayma daldi suul soxnaam Saarata
ca xuntum xeer ma ca biir toolub
Magpela, booba janook Mamre, di Ebron
léegi, ca réewu Kanaan.
20 Nii la Etteen ña dogalale Ibraayma
njaayum tool ba ak xunt ma ca nekk, mu
def ko bàmmeel.

# 24

*Isaaxa jël na Rebeka soxna*

1 Ibraayma guddoon na fan, ba màggat
lool, te Aji Sax ji barkeel ko ci lépp.
2 Mu am bés Ibraayma wax surgaam, bi
gëna yàgg ci këram, tey saytu alalam jépp,
ne ko: «Dugalal sa loxo ci sama suufu
lupp*,
3 ma giñloo la ci Aji Sax jiy Yàllay
asamaan ak suuf ne doo jëlal sama doom
soxna ci biir jigéeni waa Kanaan, gi ma
dëkk ci seen biir.
4 Waaye dinga dem sama réew ma ma
cosaanoo, jëlal fa sama doom Isaaxa
soxna.»
5 Surga ba ne ko: «Su ndaw sa
nanguwula ànd ak man ci réew mii nag?
Ndax kon damaa wara yóbbu sa doom ba
ca réew ma nga jóge?»
6 Ibraayma itam ne ko: «Bu fa yóbbu
sama doom mukk.
7 Aji Sax ji, Yàllay asamaan, moom mi
ma jële sama kër baay ak fa ma juddoo, te
wax ak man, giñal ma, ne ma, dina jox
sama askan réew mii, moom ci boppam
dina yebal malaakaam, mu jiitu la. Foofa
ngay jëlale sama doom soxna.
8 Su la ndaw si bëggula topp, kon wàccoo
nga ak man. Waaye rikk bul yóbbu sama
doom foofa.»
9 Surga ba dugal loxoom ca suufu luppu
Ibraayma sangam ba, daldi giñ ca loola.
10 Ba loolu amee surga ba jële fukki
giléem ca giléemi sangam, dem, yóbbaale li
gën ci mboolem xeeti alalu sangam. Ma

† **23.4 *bàmmeel:*** booba nit ñi dañoo taamu di denc seeni néew ci ay xunti xeer, mu di ay bàmmeel yu ñu bare mana bokk. ‡ **23.15** Loolu tollu woon na ci juróomi kiloy xaalis. * **24.2 *dugal loxo ci suufu lupp*** mooy li bànni Israayil daan dogale ngiñ.

nga jëm réewu Mesopotami, ca dëkk ba
Naxor dëkk.
11 Ba muy jub dëkk ba, daa yësal giléem
ya fu dend akub seyaan waxtuw ngoon,
fekk jigéen ñay génn di rootsi.
12 Mu daldi ne: «Yaw Aji Sax ji, sama
Yàllay sang Ibraayma, ngalla nangul ma
tey jii te laaye biir sama sang Ibraayma.
13 Maa ngi nii taxaw ci bëtu ndox mi,
janqi dëkk bi di rootsi.
14 Janq bu ma wax ne ko: "Doo yenniku
sa njaq, may ma, ma naan," mu ne ma:
"Naanal ba noppi, ma wëggal la say
giléem," na kooka di ki nga jagleel sa jaam
Isaaxa. Noonu laay xame ne laaye nga biir
sama sang.»
15 Laata muy ñaan ba noppi sax, gis na
Rebeka gàddu njaqam, di ñëw. Rebeka
moomu di doomu Betuwel te di sëtu Milka
ak Naxor, miy doomu ndeyu Ibraayma.
16 Ndaw su taaru la woon, di ab janq.
Naka la wàcc ba ca seyaan ba, duy
njaqam, yéegaat.
17 Surga ba daw, daje ak moom ne ko:
«Doo ma may tuuti ci sa njaq li, ma naan.»
18 Mu ne ko: «Ahakay, sang bi,» daldi
gaaw, yenniku njaq la, may ko mu naan.
19 Ba ko ndaw si mayee, mu naan ba
noppi, da ne ko: «Xaaral, ma wëggal la
giléem yi, ñu naan ba noppi.»
20 Mu daldi gaaw, sotti njaq la ca mbalka
ma, dawaat rootali giléem yi ca seyaan ba.
21 Waa ja ne ko jàkk, ne tekk, di seet, ba
xam ndax Aji Sax ji àntal na yoonam am
déet.
22 Ba giléem ya naanee ba sottal, waa ji
jël jaarob bakkan bu wurus bu tollook
juróom benni garaam, ak ñaari lami wurus
yu tolloo ci téeméeri garaam, takkal ko.
23 Mu ne ko: «Wax ma, kan moo la jur?»
Ak itam: «Ndax man nanoo dal sa kër
baay?»
24 Mu ne ko: «Betuwel a ma jur, doomu
Naxor ak Milka,»
25 teg ca ne ko: «Waawaaw, ñax maak
ngooñ maa nga fa, ne gàññ, te it manees
na faa dal.»
26 Waa ji nag sujjóot, sant Aji Sax ji,
27 daldi ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji, sama
Yàllay sang, Ibraayma, moom mi masula
noppee laaye biir sama sang, te masu koo
ñàkke worma. Man it, Aji Sax ji wommat
na ma ba sama kër bokki sang!»
28 Janq bi nag daw dem, nettali waa kër
yaayam la xew lépp.
29 Rebeka amoon na càmmiñ lu tudd
Laban. Laban daldi gaawtu génn, fekki
waa ja ca seyaan ba.
30 Booba gis na jaaro ba ak lam, ya ca
loxol jigéenam Rebeka, te dégg na jigéenam
di nettali la ko waa ja wax. Loolu tax mu
dem ca waa ja, fekk ko ca giléem ya ca
seyaan ba.
31 Mu ne ko: «Yaw mi Aji Sax ji barkeel,
agsil boog! Looy toog ci àll bi; waajalal naa
la ab dal, te giléem yi am nañu fu ñu nekk.»
32 Waa ja daldi àgg ca kër ga, ñu sippi
giléem ya, may leen ñax ak ngooñ, may
waa ja ndox, mu jàngu, moom ak ñi mu
àndal,
33 ba noppi ñu taajal ko lu mu lekk. Mu
ne: «Déedéet, duma lekk mukk kay, te
waxuma li ma taxa jóg.» Laban ne ko:
«Kon nag waxal.»
34 Mu ne: «Man surgab Ibraayma laa.
35 Aji Sax ji dafa barkeel sama sang lool,
ba muy boroom daraja. May na ko jur gu
gàtt ak gu gudd, xaalis ak wurus ak ay
surga yu góor ak yu jigéen ak ay giléem aki
mbaam.
36 Sama soxnas sang Saarata nag dem
na ba màggat, doora amal sama sang
doom ju góor. Doomam jooju la jox li mu
moom lépp.
37 Sama sang nag giñloo ma ne: "Bul jëlal
mukk sama doom soxna ci biir jigéeni waa
réewu Kanaan, gi ma dëkk.
38 Waaye demal ca sama kër baay, ca
samay bokk, nga jëlal fa sama doom
soxna."
39 Ma ne sama sang: "Bu ndaw sa
nanguwula ànd ak man nag?"
40 Mu ne ma: "Aji Sax ji ma topp, dina
yónni malaakaam, mu ànd ak yaw, ba
àntalal la sa yoon, nga jëlal sama doom
soxna ca sama kër baay, ca sama biiri
bokk.
41 Boo demee ba ca samay bokk, wàcc
nga, ndax bu ñu la mayul soxna, wàccoo
nga ak man."
42 Ba ma agsee tey jii ca seyaan ba,
damaa wax ne: "Aji Sax ji, sama Yàllay

sang Ibraayma, ndegam nar ngaa àntal yoon wi may dox, ngalla may ma lii:
43 maa ngii taxaw ci seyaan bi; janq bay ñëw rootsi, ma ne ko: ‘Doo ma may tuuti ci sa njaq li, ma naan,’
44 mu ne ma: ‘Naanal ba noppi, ma wëggal la say giléem,’ kooku na di soxna si Aji Sax ji jagleel sama doomu sang.”

45 «Bala maa ñaan ba noppi, Rebeka ne jimeet, gàddu njaqam, wàcc ca seyaan ba, di root. Ma ne ko: “May ma, ma naan.”
46 Mu gaaw yenniku njaq li, daldi ne ma: “Naanal ba noppi ma wëggal la say giléem.” Ma naan ba noppi, mu wëggal ma giléem yi.
47 Ma laaj ko ne ko: “Kan moo la jur?” Mu ne: “Betuwel, doomu Naxor ak Milka.”

«Ca laa ko takkal jaaro bi ci bakkanam, ak lam yi ciy loxoom.
48 Ba mu ko defee ma sujjóotal Aji Sax ji, sant Aji Sax jiy sama Yàllay sang Ibraayma, ndax jubal na sama yoon, ba ma jëlal doomam soxna ciy bokkam.
49 Léegi nag ndegam nar ngeena rafetoo ak sama sang tey sàmm kóllëre, xamalleen ma ko, ba mu leer. Su ngeen ko narul it, waxleen ma, ma xam nu may def.»

50 Laban ak Betuwel ne ko: «Mbir moomu de ci Aji Sax ji la jóge, te amunu ci dara lu nuy wax.
51 Rebekaa ngoogu, jëlal te dem, muy sa soxnas doomu sang, ni la ko Aji Sax ji tegtale.»
52 Naka la surgab Ibraayma dégg yooyu kàddu, daldi sujjóotal Aji Sax ji.

53 Surga ba nag génne ay gànjari xaalis ak yu wurus booleek ay yére, jox Rebeka. Càmmiñ la ak yaay ja itam, mu may leen alal ju takku.
54 Ba loolu weesoo mu doora lekk, daldi naan, moom ak ñi mu àndal. Ñu fanaan fa keroog.

Ba ñu yewwoo ca ëllëg sa, surga ba ne: «Bàyyileen ma nag, ma dellu ca sama sang.»
55 Càmmiñal ndaw sa ak yaay ja daldi ne ko: «Xanaa kay janq bi dina toogaat ak nun ab diir boog, maanaam fii ak sibir, doora dem.»
56 Mu ne leen: «Gannaaw Aji Sax ji àntal na sama yoon, tee ngeen ma baña yeexal, te bàyyi ma rekk, ma dellu ca sama sang?»
57 Ñu ne ko: «Kon nag nanu woo janq bi, laaj ko moom ci boppam.»
58 Ci kaw loolu ñu woo Rebeka, ne ko: «Ndax dangay ànd ak waa ji léegi?» Mu ne: «Waaw.»
59 Ba loolu amee càmmiñ ya bàyyi seen jigéen Rebeka, moom ak surga, bi ko yar te daan ko nàmpal, ñu ànd ak surgab Ibraayma ak ñi ko topp, ñu dem.
60 Ña ngay ñaanal Rebeka, mu barkeel, te naan:
«Éy jigéen sunu! Giiral, ba sos ay junniy
junni,
te sa askan teg ay bañam tànk.»
61 Gannaaw loolu Rebeka ànd ak xale yu jigéen, yiy jaamam, ñu war ay giléem, topp waa ja. Surga ba daldi dem, yóbbu Rebeka.
62 Loolu fekk na Isaaxa dëkk ca àllub Negew. Mu demoon nag teenu Laxay Roy, ba ñibbisi.
63 Genn ngoon Isaaxa génn, di doxantu ca àll ba. Naka la ne siggét xool, séen giléem yuy ñëw.
64 Rebeka it ne siggét, gis Isaaxa. Mu ne cëpp nag, wàcc giléem ga,
65 daldi ne surga ba: «Waa jee ci àll biy ñëw, jëm ci nun, kan a?» Surga ba ne ko: «Sama sang la de.» Rebeka daldi jël muuraay ba, muuroo.
66 Surga ba nag nettali Isaaxa li mu def lépp.
67 Ba loolu wéyee Isaaxa yóbbu Rebeka ca xaymab yaayam Saarata, muy soxnaam, di ku mu bëgg, te di ko muñe yaayam, ndax fekk na mu faatu.

# 25

## *Ibraayma nelaw na*

1 Ibraayma jëlaat na soxna su tudd Ketura,
2 am ca Simran ak Yogsan ak Medan ak Majan ak Yisbag ak Suwa.
3 Yogsan jur Seba ak Dedan. Askani Dedan ñooy Asureen ñi, Letuseen ñi ak Lewumeen ñi.
4 Doomi Majan yu góor ñoo di Efa ak Efer ak Enog ak Abida ak Elda. Ñooñu ñépp xeetu Ketura lañu.

5 Ibraayma nag donale Isaaxa lépp lu
mu moom.
6 Doom yu góor, ya Ibraayma am aki
nekkaaleem*, mu may leen alal ca ba muy
dund, ba noppi yebal leen penku, ñu sanci
ca réewu penku, ba sore doomam Isaaxa.
7 Ati Ibraayma téeméer la ak juróom ñaar
fukk ak juróom (175).
8 Ba loolu weesoo la bakkanu Ibraayma
rot, mu nelaw, fekki ay maamam,
gannaaw ba mu guddee fan, ba màggat
lool te barkeel.
9 Isaaxa ak Ismayla, doomam yu góor ya,
rob ko ca xuntum xeer ma ca Magpela te
jàkkaarloo ak Mamre, ca toolub Efron
doomu Cowar, mi bokk ci xeetu Ett.
10 Tool ba Ibraayma jëndoon ca Etteen
ña, foofa lañu denc Ibraayma ak soxnaam
Saarata.
11 Gannaaw ba Ibraayma nelawee, Yàlla
barkeel na doomam Isaaxa. Isaaxaa ngi
dëkkoon ca wetu teenu Laxay Roy.

## Askanu Ismayla

*(Saar 25.12-18)*

12 Ismayla moomee nag, doomu
Ibraayma jaak Ajara mu Misra, ma doon
jaamub Saarata, askanam mooy lii.
13 Turi doomi Ismayla yu góor ni seen
juddu toppante, ñoo di Nebayot, taawub
Ismayla, ña ca topp di Kedar ak Adabeel
ak Mibsam
14 ak Misma ak Duuma ak Maasa
15 ak Adàdd ak Tema ak Yetur ak Nafis
ak Kedama.
16 Ñooñu ñooy doomi Ismayla yu góor,
seeni tur a ngoog, ñuy fukki garmi ak ñaar
yu jiite seeni làng ci seeni sanc ak seeni
dal.
17 Ati Ismayla téeméer la ak fanweer ak
juróom ñaar (137). Gannaaw loolu la
nelaw, fekki ay maamam.
18 Ña nga dëkkoon diggante ba dale
Awila ba Sur, ga jàkkaarlook Misra, booy
jëm Asur. Noonu la fa askanu Ismayla
sance, jàkkaarlook doomi baayam yépp.

## Askanu Isaaxa doomu Ibraayma

*(Saar 25.19–35.29)*

19 Isaaxa doomu Ibraayma ju góor ja,
askanam mooy lii. Ibraaymaa jur Isaaxa.
20 Isaaxa am ñeent fukki at, jël Rebeka
doomu Betuwel, mi bokk ci xeetu Aram, te
dëkke diiwaanu Padan Aram, dib jigéenu
Laban, mi bokk itam ci xeetu Aram.
21 Gannaaw ga, soxnas Isaaxa amul
doom, Isaaxa dagaanal ko Aji Sax ji, mu
nangul ko, soxna si daldi ëmb.
22 Doom yi nag di buuxante ci biiram, ba
mu naan: «Ndegam nii la kay, jaru ko
woon!» Ci kaw loolu soxna si dem, diis ko
Aji Sax ji.
23 Aji Sax ji ne ko:

«Ñaari giir nga ëmb,
nara am ñaari xeet yuy xaajaloo,
wenn wi mooy ëpp doole wi ci des,
te mag ji mooy surgawu rakk ji†.»

24 Ba mu demee ba wara mucc, amul lu
moy ay seex.
25 Naka noona ka njëkka gane àddina
xonq, yaram wi sëq lipp, mel ni mbubbum
der mu ne sàyy aki kawaram, ñu tudde ko
Esawu (muy firi Ku jëxëm).
26 Gannaaw ga ka ca des topp ca, loxo ba
jàpp ca téstënu Esawu. Ñu tudde ko
Yanqóoba (muy firi Jàpp ci téstën)‡. Ba leen
Rebeka di am, fekk na Isaaxa am juróom
benn fukki at.

### *Esawu sàggane na céram*

27 Ba mu ko defee gone ya di màgg,
Esawu di rëbbkat bu ñaw, di ku bëgg àll;
Yanqóoba moom di nit ku gàtteñlu§ te
bëggoon toogaayu kër.
28 Isaaxa nag am cofeel ci Esawu ndax li
muy lekk ci am rëbbam, te Rebeka moom
gëna sopp Yanqóoba.
29 Mu am bés Yanqóoba di togg ndambel
ñebbe, yemook Esawu jóge ca tool ya, xiif
ba ne ñedd.
30 Mu ne Yanqóoba: «Gaawe ma ci
ndambe lu xonq lee waay, ba ma duy ci
sama biir, ndax xiif a ngi may rey.» Loolu
moo tax ñu tudde Esawu, Edom (muy firi
Xonqe).

* **25.6** Ca yooya jamono, nit manoon naa am ay soxna yu am cér bu mat sëkk, ak yeneen soxna, yu gëna néewle sañ-sañ, ñoom ak seeni doom. † **25.23** Ci bànni Israayil, seex bi njëkka juddu moo mag ki mujja juddu. ‡ **25.26** ***Jàpp ci téstën:*** mu ngi tekki ci waxin «suufu nit, ba am loo nangu ci moom». § **25.27** ***gàtteñlu*** gi ci Yanqóoba moo waraloon xamul dara ci rëbb.

31 Yanqóoba ne ko: «Danga ma koy njëkka
wecci sa céru ndono bi nga yeyoo ndax li
ngay taaw*.»
32 Esawu ne: «Man miy waaja dee ak xiif,
ana lu ma céru taaw di jariñ?»
33 Yanqóoba ne ko: «Giñal ma jëkk.»
Esawu giñal ko ko, mu jaay Yanqóoba
ndono li mu yeyoo ndax li muy taaw.
34 Yanqóoba jox Esawu mburu ak
ndambe, mu lekk, naan, daldi jóg dem
yoonam. Noonu la Esawu sàgganee céru
taaw, bi mu yeyoo.

# 26

## *Isaaxa nëbbuji na ca waa Gerar ngir mucc*

1 Ba loolu wéyee xiif am ca réew ma,
muy xiif bu wuute ak ba woon ca jamonoy
Ibraayma; Isaaxa nag dem Gerar ca
Abimeleg, buurub waa Filisti.
2 Foofa Aji Sax ji feeñu ko fa ne ko: «Bul
dem Misra, waaye nanga toog ci réew mi
ma lay wax.
3 Dalal ci réew mii; dinaa ànd ak yaw,
barkeel la. Yaak sa askan laay jox suuf sii
sépp, te dinaa sàmm li ma giñaloon sa baay
Ibraayma.
4 Dinaa ful sa askan ni biddiiwi
asamaan, dinaa jox sa askan suuf sii sépp,
te it ci saw askan la xeeti àddina yépp di
barkeele,
5 ndax Ibraayma déggal na ma, sàmm na
sama ndénkaane, ak samay santaane, ak
sama dogali yoon, ak samay yoon.»
6 Isaaxa nag toog Gerar.
7 Góori foofa laaj ko ndaw si mu àndal, lu
mu doon ci moom, mu ne: «Sama jigéen
la.» Dafa bañoona wax ne soxnaam la, ngir
ragal waa foofa rey ko ndax taaru Rebeka.
8 Ba ñu fa toogee ba mu yàgg, mu am bés
Abimeleg, buurub waa Filisti tollu ci
palanteeram, gis leen, fekk yóo Isaaxaa
ngay raay soxnaam Rebeka.
9 Abimeleg woolu Isaaxa ne ko: «Kii kay
ndeke sa soxna la! Noo mana waxe ne sa
jigéen la?» Isaaxa ne ko: «Damaa waxe
noonu, ngir ñu bañ maa rey ndax moom.»
10 Abimeleg ne ko: «Li nga nu def nag?
Xaw tuuti kenn ci nit ñi tëdde sa soxna, te
kon nga yóbbe nu tooñ.»
11 Abimeleg daldi fay doxe artu waa
réewam mépp ne leen: «Ku laal waa jii
walla soxnaam, dees na ko rey.»

## *Isaaxa fas na kóllëre ak Abimeleg*

12 Gannaaw loolu Isaaxa bey ca réew
ma, góob ca at ma lu tollook téeméeri yoon
la mu ji woon, ndax Aji Sax ji da koo
barkeel.
13 Alalam di yokku, muy gëna barele, ba
mujj am doole lool,
14 am géttu jur gu gudd ak gu gàtt, ak ay
surga yu bare, ba tax waa Filisti iñaane ko,
15 bay sakk aka sëkk mboolem teen, yi
surgay baayam Ibraayma gasoon ca
jamonoom.
16 Abimeleg daldi ne Isaaxa: «Demal, ba
sore nu, ndax danga noo ëpp doole lool.»
17 Isaaxa jóge foofa, dali ca xuru Gerar,
sanc fa.
18 Ba loolu weesoo Isaaxa sikkli teen yi
ñu gasoon ca jamonoy baayam Ibraayma,
te waa Filisti sakkoon leen gannaaw ba
Ibraayma nelawee. Ca la tudde teen yi tur,
ya leen baayam tudde woon.
19 Surgay Isaaxa gasaat ca xur wa, jot
ndox mu neex.
20 Teewul sàmmi Gerar di soowook
sàmmi Isaaxa naan: «Nun noo moom ndox
mi.» Mu tudde teen ba Eseg (muy firi
Coow), ndax li ñu soowoo ak moom.
21 Ñu gasaat ab teen, xuloo amati ca, mu
tudde ko Sitna (muy firi Xuloo).
22 Mu jóge foofa, gasati teen, jàmm ne
ñoyy, mu tudde ko Rexobot (muy firi Fu
yaatu), ndax da ne: «Léegi Aji Sax ji yaatal
na nu, te dinanu woomle ci réew mi.»
23 Ba mu fa jógee, dafa dellu Beerseba.
24 Guddi googu Aji Sax ji feeñu ko ne ko:
«Maay Yàllay Ibraayma sa baay; bul ragal
dara, ndax maa ngi ànd ak yaw. Dinaa la
barkeel, ful sa askan ndax sama jaam
Ibraayma.»
25 Isaaxa nag sàkk fa sarxalukaay, tudd
fa Aji Sax ji, wormaal ko, ba noppi samp fa
xaymaam. Te itam ay surgaam bënn nañu
fa ab teen.
26 Ci diggante boobu Abimeleg dafa jóge
Gerar, dem fekki ko, ànd ak Axusat, ma

* **25.31** Ci bànni Israayil, taaw mooy mujj doon kilifag kër, te mooy ëpple ay rakkam ab cér ci ndono.

doon wóllëreem, ak Pikol, njiital
xarekatam.
27 Isaaxa ne leen: «Lu waral ngeen
fekksi ma fii, gannaaw dangeen maa bañ,
ba dàq ma?»
28 Ñu ne ko: «Gis nanu bu baax ne Aji Sax
ji ànd na ak yaw; moo tax nu ne ayca nu
waatoo ci sunu digganteek yaw te
fasanteek yaw kóllëre.
29 Su ko defee doo nu def dara lu bon,
gannaaw defunu la dara lu bon, xanaa lu
baax rekk, ba yebal la, nga dem ci jàmm.
Kon léegi yal na la Aji Sax ji barkeel.»
30 Isaaxa nag berndeel leen, ñu bokk
lekk, ba noppi naan.
31 Ca ëllëg sa, ñu xëy suba teel, daldi
waatoo, Isaaxa door leena yiwi, ñu dem ci
jàmm.
32 Ca bés booba ay surgay Isaaxa ñëw
nañu, di ko wax lu jëm ci teen, ba ñu doon
gas, ne ko: «Gis nanu ndox.»
33 Isaaxa tudde teen ba Siba (muy firi
Waatoo), moo tax turu dëkk ba, ba fii nu
tollu, di Beerseba (muy firi Teenu waat
ga).

### *Esawu jël na ay soxna*

34 Esawu am na ñeent fukki at, jël na
soxna ku ñuy wax Yudit, muy doomu
Beeri, miy Etteen, jëlaat Basmat doomu
Elon, miy Etteen.
35 Jigéen ñooñu mu jël nag di naqar wu
réy ci Isaaxa ak Rebeka.

# 27

### *Yanqóoba suufu na Esawu ci seen ñaanu baay*

1 Ba Isaaxa màggatee, te bët yi naqari, ba
gisatul, am na bés mu woo taawam Esawu
ne ko: «Doom.» Mu ne ko: «Naam.»
2 Isaaxa ne ko: «Déglul, ma wax la.
Màggat naa te xawma sama bésu dee.
3 Kon léegi jëlal say gànnaay: say fitt ak sa
xala, nga dem ca àll ba, rëbbali ma.
4 Toggal ma ko, ba mu neex, ni ma ko
bëgge, indil ma, ma lekk, ndax ma ñaanal la
lu ma tibbe ci sama xol, bala may dëddu.»
5 Fekk na Rebekaa ngi déglu, ba Isaaxay
wax ak doomam Esawu. Esawu daldi dem
ca àll ba, rëbbi lu mu toggsi.
6 Rebeka moom ne doomam Yanqóoba:
«Dégg naa sa baay wax sa mag Esawu ne
ko:
7 “Demal rëbbi, indil ma, toggal ma ko lu
neex, ma lekk, ba ñaanal la, Aji Sax ji
seede, bala may dëddu.”
8 Kon nag doom, defal lii ma lay wax.
9 Demal ca gétt ga, nga jàpp ñaari tef yu
duuf, ma defaral ko sa baay, ba mu neex,
ni mu ko bëgge,
10 nga yóbbul ko, ngir mu ñaanal la, bala
moo dee.»
11 Yanqóoba ne yaayam: «Waaw, waaye
sama mag Esawu dafa jëxëm, te man sama
yaram rattax.
12 Xëy-na sama baay làmbatu ma de, te
kon dina ne njublaŋ laa. Su ko defee ay
móolu laay yóbbe sama bopp, waaye du
barkeb ñaan.»
13 Yaayam ne ko: «Bu la móoloo, Yàlla na
ma topp, doom. Defal li ma la wax rekk te
dem indil ma gàtt yi.»
14 Yanqóoba dem, jël gàtt yi, indil
yaayam, mu defar ba mu neex, ni ko
baayam bëgge.
15 Rebeka daldi seet ca dencam la gën ca
yérey Esawu taaw ba, solal Yanqóoba
doomam ju ndaw.
16 Ba mu noppee, daa sàkk ca deri gàtt
ya, sànge loxo ya ak fi rattax ci doq gi,
17 doora boole mburu ma ak ñam wa mu
togg, jox doomam Yanqóoba.
18 Mu dikk ci baayam, ne ko: «Baay.» Mu
ne ko: «Naam doom, kooku?»
19 Yanqóoba ne baayam: «Mana Esawu sa
taaw. Def naa li nga ma wax. Jógal toog te
lekk ci li ma la rëbbal, ndax nga ñaanal ma
ci sa xol.»
20 Isaaxa ne doomam: «Moo doom! Noo
def, ba gaawa jàpp nii?» Yanqóoba ne ko:
«Aji Sax jiy sa Yàlla, moo ma ko jagleel.»
21 Isaaxa ne Yanqóoba: «Jegesil, ma làmb
la, ba mu wóor ma ne sama doom
Esawoo.»
22 Yanqóoba nag jegesi, baayam Isaaxa
làmbatu ko ne: «Baat bi de baatu
Yanqóobaa, waaye loxo yi, loxoy Esawoo.»
23 Xàmmeewu ko, ndax li loxo yi jëxëm ni
yuy magam Esawu, ba tax mu ñaanal ko.
24 Isaaxa laaj ko ne ko: «Mbaa wóor na ne
yaw ay Esawu?» Mu ne ko: «Waawaaw.»

25 Isaaxa ne ko: «Jottali ma fii ma lekk ci
sam rëbb, doom, ba ñaanal la ci sama xol.»
Yanqóoba jottali Isaaxa ndab li, mu lekk,
daldi koy may biiñ, mu naan.
26 Isaaxa ne ko: «Kaay fii, fóon ma,
doom.»
27 Yanqóoba jegesi, fóon ko, xetu yére yi
mu sol xeeñ Isaaxa, mu door koo ñaanal ne
ko:

«Sama xetu doom kay
xetug tool la,
bu Aji Sax ji barkeel.
28 Yal na la Yàlla may layub asamaan
ak ngëneeli suuf,
pepp ne gàññ, biiñ walangaan.
29 Yal na la ay giir nangul,
ay réew di la sujjóotal,
nga yilif say bokk,
te say doomi ndey di la sujjóotal.
Ku la móolooy alku,
te ku la ñaanal barkeel.»

30 Naka la Isaaxa noppee ñaanal
Yanqóoba, ba mu won baayam Isaaxa
gannaaw rekk, Esawu, mag ji, rëbbi ba
ñëw, ne jalañ.
31 Mu togg moom it, ba mu neex, indil
baayam. Mu ne ko: «Jógal baay, lekk ci sa
rëbbum doom, ndax nga ñaanal ma ci sa
xol.»
32 Baayam, Isaaxa ne ko: «Kooku?» Mu
ne ko: «Mana sa taaw Esawu.»
33 Isaaxaa ngay lox, bay rag-ragi, daldi
ne ko: «Kan? Ana ku rëbbi woon nag, indil
ma, ba ma lekk ba noppi? Ñaanal naa ko
bala ngaa ñëw. Te dina barkeel moos.»
34 Esawu dégg li baayam wax rekk,
yuuxu yuux gu réy ndax naqar. Mu ne
baayam: «Ngalla baay, ñaanal ma, man
itam.»
35 Isaaxa ne ko: «Sa rakk ñëw na, nax
ma, ba yóbbu sa ñaan.»
36 Esawu ne: «Moom kay moo yey tudd
Yanqóoba, ndax suufu na ma ñaari yoon.
Sama céru taaw la njëkka nangu, tey mu
nangooti sama ñaanu baay.» Mu teg ca ne:
«Ndax desalaloo ma ag ñaan?»
37 Isaaxa ne Esawu: «Mbaa am naa lu ma
la ñaanalati, doom? Ndax kat xas naa koo
def, muy sa kilifa, te bokkam yépp laa def
ñuy surgaam, te pepp ak biiñ laa ko
woomale it, ba mu ne gàññ.»
38 Esawu ne baayam: «Baay, xanaa genn
ñaan rekk nga am? Ngalla baay, ñaanal ma,
man itam!» Ca la Esawu ne yikkét jooy.
39 Baayam Isaaxa ne ko:

«Déglul, ma wax la,
dinga dëkk fu sore ngëneeli suuf,
mbaa fu la layub asamaan tiime.
40 Sa saamar ngay dunde,
sa rakk di la yilif.
Waaye bés a ngi ñëw yaay sigiñu,
ba yenniku nootaangeem.»

### *Yanqóoba dem na ca nijaayam*

41 Esawu nag bañ Yanqóoba ndax barke
ba ko baayam ñaanal. Ma ngay wax ca
xolam naan: «Balaa yàgg ñu dëj sama baay,
te bu boobaa dinaa rey sama rakk
Yanqóoba.»
42 Naka lañu nettali Rebeka la taawam
Esawu wax, mu woolu Yanqóoba, doomam
ju ndaw ja, ne ko: «Sa mag a ngi fexee
feyu, di la wuta rey.
43 Kon doom, defal lii ma lay wax, demal
làquji fa sama càmmiñ Laban ca Karan,
44 nga toog fa moom ay fan, ba kera sa
meru mag giif.
45 Bu sa meru mag giifee, ba mu fàtte li
nga ko def, dinaa yónnee, ñu jëlsi la. Duma
seetaan mukk, ba boole leen ñàkk, yeen
ñaar ñépp, ci benn bés*!»
46 Gannaaw gi, Rebeka ne Isaaxa:
«Àddina soof na ma ndax jigéeni Etteen ñi.
Yanqóoba de, bu jëlee ci jigéeni Etteen ñi ci
réew mii, sama dund gi, dee a koy gën!»

# 28

1 Ci kaw loolu Isaaxa woo Yanqóoba,
ñaanal ko, jox ko ndigal lii ne ko: «Bul jël ci
jigéeni Kanaan,
2 waaye demal Padan Aram ca sa kër
maam-góor, ji jur sa yaay, nga jël fa jabar
ca sa doomi nijaay Laban.
3 Yal na la Yàlla Aji Man ji barkeel, nga
jaboot lool te sa giir yokku, ba sos ay
mboolooy askan.
4 Yal na la barkeb Ibraayma dal, yaak
askan wi soqikoo ci yaw, ba nga moom

* **27.45** Dañoo yaakaar ne bu Yanqóoba dawuloon, Esawu dina ko rey, te kon dees na ko feyul, daldi rey Esawu.

réew mii ngay doxandéem tey, te Yàlla
mayoon ko Ibraayma.»
5 Isaaxa daldi yebal Yanqóoba, mu dem
Padan Aram ca Laban doomu Betuwel.
Betuwel, Arameen la, te mooy càmmiñu
Rebeka, miy yaayu Yanqóoba ak Esawu.

### *Esawu jël na keneen soxna*

6 Esawu nag yég ne Isaaxa ñaanal na
Yanqóoba, ba noppi yebal ko Padan Aram,
ngir mu jël fa soxna. Te it ba mu koy
ñaanal, digal na ko ne ko, bumu jël ca
jigéeni Kanaan.
7 Mu yég ne Yanqóoba déggal na baayam
ak yaayam, ba dem Padan Aram.
8 Loolu won Esawu ne jigéeni Kanaan
neexuñu baayam.
9 Ba mu ko defee Esawu dem ca xeetu
Ismayla, doomu Ibraayma, jël fa Maxalat,
boole ko ciy soxnaam. Maxalat doomu
Ismayla la te di jigéenu Nebayot.

### *Yanqóoba sàrtoo na ak Yàlla*

10 Ba loolu wéyee Yanqóoba génn
Beerseba, wuti Karan.
11 Naka la dem, ba àgg fu ko jant bi
sowe, daldi fay fanaan. Mu jël ca doj ya fa
ne woon, gegenoo.
12 Guddi googu Yanqóoba dafa gént, gis
raas bu sampu ci suuf, te cat la sar
asamaan, malaakay Yàlla yi di ci yéeg aka
wàcc.
13 Ndeke Aji Sax jaa nga tollu ca wetam.
Mu wax ak moom ne ko: «Maay Aji Sax ji,
di sa Yàllay maam Ibraayma te di Yàllay
Isaaxa. Suuf si nga tëdd dinaa la ko jox,
yaak sa askan.
14 Saw askan dina ne gàññ ni feppi suuf.
Dinga law penku ak sowu, ndijoor ak
càmmoñ. Ci yaw ak saw askan la giir yi ci
kaw suuf yépp di barkeele.
15 Maa ngi nii ànd ak yaw, di la sàmm
fépp foo jëm, te itam dinaa la delloosi ci
réew mii. Duma la bàyyi mukk, waaye
dinaa def li ma la wax lépp.»
16 Ci kaw loolu Yanqóoba yewwu ne:
«Ndekete Aji Sax ji mu ngi ci béreb bii, te
xawma ko woon.»
17 Ma nga tiit nag te naan: «Béreb beeka
raglu! Fii kay du fenn, fu dul kër Yàlla; te
mooy buntu asamaan.»
18 Ca suba teel Yanqóoba jóg, jël doj, wi
mu gegenoo woon, samp fa, muy
xàmmikaay, ba noppi sotti ci ag diw, sellale
ko.
19 Ca la tudde béreb ba Betel*, waaye ca
njàlbéen Lus la dëkk ba tuddoon.
20 Gannaaw loolu Yanqóoba dogu ne: «Su
Yàlla àndee ak man, di ma sàmm ci yoon wi
may aw, di ma jox lu ma lekk ak lu ma sol,
21 ba kera may dellu sama kër baay ci
jàmm, su boobaa, Aji Sax ji dina doon
sama Yàlla.
22 Doj wii ma samp, muy xàmmikaay,
mooy doon kër Yàlla, te lépp lu mu ma
wërsëgal, dinaa ko génneel fukkeel ba
moos.»

# 29

### *Yanqóoba daje na ak Rasel*

1 Ba loolu xewee, Yanqóoba awaat
yoonam, ba agsi réewum waa penku.
2 Mu yem foofa ca ab teen ca àll ba, ñetti
gétti gàtt goor ca wet ga, ndax ca booba
teen lañu doon wëgge gétt ya, waaye doj
wu réy moo uboon teen ba.
3 Bu gétt yépp dajaloo foofa, sàmm yi
doora àndandoo béraŋ doj wa, mu moy
buntu teen ba, ñu wëgg, ba noppi delloo
doj wa, mu ubaat teen ba.
4 Yanqóoba ne leen: «Bokki fan?» Ñu ne
ko: «Karan.»
5 Mu ne leen: «Ndax xam ngeen Laban
doomu Naxor?» Ñu ne ko: «Xam nanu ko
kay.»
6 Mu dellu laaj leen ne leen: «Mbaa mu
ngi ci jàmm?» Ñu ne ko: «Jàmm rekk kay.
Xoolal ndaw see di ñëw, jiital gàtt yi, mooy
Rasel, doomu Laban.»
7 Yanqóoba ne leen: «Jant bi demagul
fenn, ba ngeen di dajale jur gi. Wëggleen
gàtt yi, sàmmi leen kay!»
8 Ñu ne ko: «Dunu ko man mbete gétt
yépp daje, nu béraŋ doj wi, ubbi teen bi,
doora wëgg gàtt yi.»
9 Na muy waxe ak ñoom nag, Rasel agsi,
indaale gàtti baayam, ndaxte sàmm la
woon.
10 Ba Yanqóoba gisee Rasel, doomu
nijaayam Laban, moom ak gàtti nijaayam

* **28.19** ***Betel:*** mu ngi tekki «kër Yàlla».

ya, mu daagu ba ca teen ba, béraŋ doj wa
ko ub, daldi wëgg gàtti Laban.
11 Ba loolu amee Yanqóoba fóon Rasel, ne
yikkét jooy.
12 Ca la Yanqóoba waxe Rasel ne ko:
«Maak sa baay a bokk, ndax maay sa
doomu bàjjan Rebeka.» Rasel ne wëqét
daw, yégal ko baayam.

13 Ba Laban déggee ne jarbaatam
Yanqóoba ñëw na, mu daw gatandu ko, taf
ko ci boppam, fóon ko, yóbbu ko kër ga. Ba
Yanqóoba nettalee Laban lépp,
14 Laban da ne ko: «Yaw kay sama
jarbaat nga lenqe!» Yanqóoba toog fa ak
moom lu mat weer.
15 Gannaaw loolu Laban ne Yanqóoba:
«Li ngay sama mbokk kat, taxul nga war
maa liggéeyal ci neen. Wax ma lan mooy
sa peyoor.»

16 Laban nag amoon na ñaari doom yu
jigéen, taaw ba di Leya, rakk ja di Rasel.
17 Leya di ku bët ya yànjuloon, te Rasel
nekkoon ku jekk te neexa xool.
18 Yanqóoba bëgg Rasel lool, ba ne
Laban: «Dinaa la liggéeyal juróom ñaari at
ngir Rasel sa doom ju ndaw ji.»
19 Laban ne ko: «Ma may la ko de moo
ma gënal may ko keneen. Kon toogal ci
man.»
20 Ci kaw loolu Yanqóoba liggéeyal Laban
diiru juróom ñaari at ngir Rasel, te mu mel
ni ay fan rekk ci moom ndax mbëggeel, gi
mu am ci Rasel.

21 Loolu wéy, Yanqóoba ne Laban: «Jox
ma sama jabar, ma séetal ko, ndax àpp bi
jot na.»
22 Laban nangu, daldi togglu ay reer,
woo ca waa gox ba bépp.
23 Timis jot Laban jël doomam Leya,
jébbal ko Yanqóoba, mu tëdd ak moom.
24 Ci biir loolu Laban jël jaamam bu
jigéen bu ñuy wax Silpa, may ko doomam
Leya, mu dib jaamam.

25 Ba bët setee, Yanqóoba fekk muy Leya.
Mu ne Laban: «Waaw, li nga ma def nag?
Du Rasel a taxoon ma liggéeyal la? Lu tax
nga wor ma?»
26 Laban ne ko: «Rakk njëkka séy taaw
daal, du aada fii.
27 Séetul ak kii, ba ayu bésam mat, ma
door laa jox ki ci des, soo ma dee
liggéeyaatal diiru juróom ñaari at.»
28 Yanqóoba nangu, daldi séetu ak Leya
ayu bés, ba noppi Laban jébbal ko doomam
Rasel.
29 Booba la Laban jël jaamam bu jigéen
bu ñuy wax Bilaa, may ko doomam Rasel,
mu dib jaamam.
30 Yanqóoba nag tëdd ak Rasel, mi mu
gënoona bëgg Leya. Ci kaw loolu mu
liggéeyaatal Laban juróom ñaari at.

*Lu jëm ci njabootu Yanqóoba*

31 Ba Aji Sax ji gisee ne Leya fonkeesu
ko, mu may ko, mu taawlu, te Rasel moom
manula am doom.
32 Ba Leya ëmbee, am doom ju góor, da
koo tudde Ruben (muy firi Gisleen, doom
ju góor a ngi), ndaxte Leya da ne: «Aji Sax
ji gis na sama toroxte. Léegi sama jëkkër
dina ma bëgg.»
33 Mu dellu ëmb, am doom ju góor. Mu
ne: «Aji Sax ji yég na ne fonkeesu ma,
looloo tax mu mayaat ma doom jii.» Mu
tudde ko Simeyon (muy firi Kiy dégg).
34 Mu delluwaat ëmb, am doom ju góor,
ba noppi waxaat ne: «Bii yoon sama jëkkër
dina am cofeel ci man, ndax jural naa ko
ñetti doom yu góor,» loolu tax mu tudde ko
Lewi (muy firi Boroom cofeel).
35 Mu dellooti ëmb, am doom ju góor
daldi ne: «Bii yoon dinaa sant Aji Sax ji,»
loolu tax mu tudde ko Yuda (muy firi
Cant). Gannaaw loolu njuram taxaw.

# 30

1 Ba Rasel gisee ne amalul Yanqóoba
doom, dafa ñee magam, ba tax mu wax
Yanqóoba ne ko: «Nanu am ay doom, mbaa
ma dee.»
2 Yanqóoba mere ca Rasel ne ko: «Ndax
maay Yàlla, mi la teree am doom?»
3 Mu ne ko: «Xoolal, sama jaam Bilaa
ngii; tëddal ak moom, ndax mu amal ma
doom, ba jabootal ma.»
4 Ci kaw loolu mu may ko jaamam Bilaa,
muy soxnaam. Yanqóoba ànd ak Bilaa,
5 mu ëmb, amal Yanqóoba doom ju góor.
6 Bi loolu amee Rasel ne: «Yàlla àtte na
ma; dégg na sama ñaan, ba may ma doom.»
Mu tudde ko nag Dan (muy firi Kiy àtte).

7 Gannaaw ga, Bilaa, jaamub Rasel,
ëmbaat, dellu amal Yanqóoba doom ju góor.
8 Rasel ne: «Bëre naa ak sama mag bëre
bu réy, ba daan,» daldi ko tudde Neftali
(muy firi Kiy bëre).
9 Leya moom it xam ne taxawaayam
yàgg na, mu fab jaamam Silpa, may ko
Yanqóoba.
10 Bi loolu amee Silpa, jaamub Leya,
amal Yanqóoba doom ju góor.
11 Leya ne: «Ndaw wërsëg wu réy!» daldi
ko tudde Gàdd (muy firi Wërsëg).
12 Silpa jaamub Leya dellu, amal
Yanqóoba doom ju góor.
13 Leya ne: «Éey waay, maaka bég! Jeeg
ji dinañu ma woowe boroom mbégte mi.»
Mu tudde ko nag Aser (muy firi Boroom
mbégte).
14 Mu am bés ñuy góob bele, Ruben dem
tool, sàkke ca gàncax gu ñu naan
màndaragoor*, indil ko yaayam Leya. Rasel
ne Leya: «Ngalla may ma ci màndaragoor ji
la sa doom indil.»
15 Teewul mu ne ko: «Ndax nangu sama
jëkkër rekk doyu la, ba nga bëgg cee boole
màndaragoor ji ma sama doom indil?»
Rasel ne ko: «Kon jox ma ci màndaragoor ji
sa doom indi, ma wecci la ko sama ayu tey
boog.»
16 Yanqóobaa ngay jóge tool ca ngoon,
Leya génn, gatandu ko, ne ko: «Fi man nga
wara aye tey, ndaxte jënde naa ay gi
màndaragoor ji sama doom indi.» Yanqóoba
daldi féete ca moom guddi googu.
17 Yàlla nangul Leya, mu ëmb, am ak
Yanqóoba seen juróomeelu doom ju góor.
18 Leya neeti: «Yàlla da maa fey, ndax
maa may sama jëkkër sama jaam.» Mu
tudde ko Isaakar (muy firi Boroom pey).
19 Gannaaw gi, Leya ëmbaat, am ak
Yanqóoba seen juróom benneelu doom ju
góor.
20 Booba la ne: «Yàlla defal na ma
teraanga ju réy. Bii yoon sama jëkkër dina
ma teral, ndax amal naa ko juróom benni
doom yu góor.» Moo tax mu tudde ko
Sabulon (muy firi Teraanga).
21 Gannaaw ga, mu am doom ju jigéen,
tudde ko Diina.
22 Ba loolu amee Yàlla geestu Rasel,
nangul ko, may ko doom.
23 Mu ëmb, am doom ju góor, daldi ne:
«Yàlla teggil na ma gàcce.»
24 Moo tax mu tudde ko Yuusufa (muy
firi Yal na dolli), ndax dafa ne: «Yal na ma
Aji Sax ji dollil doom ju góor.»

## *Yanqóoba woomle na*

25 Ba Rasel amee Yuusufa, Yanqóoba da
ne Laban: «Yiwi ma boog, ma dellu sama
réew ca sama kër.
26 Su ko defee nga jox ma samay doom
ak sama jabar yi taxoon ma di la liggéeyal,
te bàyyi ma, ma dem, ndax yaw ci sa bopp
xam nga li ma la liggéeyal.»
27 Laban ne ko: «Ngalla waay, déglu ma,
ngir sama ngisaane won na ma ne Aji Sax
ji barkeel na ma ndax yaw.
28 Wax ma loo may feyeeku rekk, dinaa
la ko fey.»
29 Yanqóoba ne ko: «Yaw ci sa bopp xam
nga ni ma la liggéeyale ak ni sa gétt mujj
mel ndax man;
30 ndaxte lu néew nga amoon laata may
ñëw, te yokku na, ba bare lool, ngir Aji Sax
ji da laa barkeel ndax man. Waaye léegi
nag, liggéeyal sama waa kër bopp jot na
xanaa?»
31 Laban dellu ne ko: «Dama ne, ñaata laa
lay fey?» Yanqóoba ne ko: «Doo ma jox
dara. Boo nangoo lii ma lay wax, dinaa
sàmmaat say gàtt, wattu ko.
32 Damay seet tey jii ci biir jur gu gàtt
gépp, génne ci xar yu ñuul yépp†, ak bëy, yi
todde ak yi tippante yépp, ñu doon sama
peyoor‡.
33 Ëllëg ak sibir booy seetsi sama peyoor,
sama njubtee may layool: lépp lu
toddewul te tippantewul ci biir bëy yi ak
lu ñuulul ci mburt yi, boo ko gisee ci man,
càcc la.»
34 Laban ne: «Waaw, kon baax na.»
35 Ca bés booba Laban ber sikket, yi
seereer te todde, ak bëy, yi tippante te
todde, maanaam yi rax, ak xari menn

* **30.14** ***màndaragoor,*** gàncax la gu ñu yaakaar ne day giiral jigéen. † **30.32** Ca yooyu jamono xar yi dañu daan faral di weex, bëy yi farala ñuul te duñu rax. ‡ **30.32** Fii dañoo topp téereb kàddug Yàlla gi ni ñu ko tekkee ci làmmiñu gereg, te ci booba téere, melow todde ak tippante bëy yi rekk a ko féetewoo.

melo yu ñuul yi, daldi leen dénk ay
doomam.
36 Gannaaw loolu mu doxale
digganteem ak Yanqóoba doxu ñetti fan.
Yanqóoba nag di sàmm li des ci gàtti Laban.
37 Ci kaw loolu Yanqóoba tànn ñetti garab
yu ñuy wax pëpalyee, gerte-tubaab ak
palataan, gor ci bant yu tooy, xànc-xàncee
ko, ba mu defi rëdd yu weex.
38 Mu yeb bant ya mu xànc-xàncee, ca
naanukaay ya, mu janook jur ga, ca
mbalka ya jur gay naane, ndax fa la jur ga
daan tëboo.
39 Loolu tax bëy yay tëbu ca wetu car ya,
di jur doom yu seereer, yu tippante ak yu
todde.
40 Xar ya, Yanqóoba da leena ber, tey
fexe ñuy janook lépp lu seereer ak lu ñuul
ci biir juru Laban. Noonu la sàkke juru
boppam, bañ koo boole ak juru Laban.
41 Saa yu jur gi ëpp doole dee tëbu,
Yanqóoba yeb car yi ci naanukaay yi,
tiimale ci jur gi, ngir bu ñuy tëbu, ne ci jàkk.
42 Bu jur gu xiibon gi dee tëbu, mu bañ
leena tegal dara. Muy def noonu ba jur gi
xiibon, di gu Laban, gi am doole, di gu
Yanqóoba.
43 Waa ji mujj na barele lool, am gàtt yu
ne gàññ ak ay jaam yu góor ak yu jigéen ak
ay giléem aki mbaam-sëf.

# 31

## *Yanqóoba toxu na, jëm Kanaan*

1 Ba loolu amee mu am bés Yanqóoba
dégg doomi Laban ya naan, Yanqóoba
nangu na li seen baay amoon lépp, te ci
seen alalu baay la sàkkoo alalam jooju jépp.
2 Naka la Yanqóoba gis kanamu Laban,
daldi xam ne melatul, na mu meloon ci
moom.
3 Aji Sax ji wax Yanqóoba ne ko: «Dellul
ca sa réewu maam ya, ca say bokk. Dinaa
ànd ak yaw.»
4 Yanqóoba woolu Rasel ak Leya ca tool
ya, fa gàttam ya nekk.
5 Mu ne leen: «Gis naa seen kanamu
baay. Xam naa ne melatul na mu meloon
ci man. Waaye sama Yàllay baay ay ànd ak
man.
6 Yeen ci seen bopp xam ngeen ne
liggéeyal naa seen baay sama kem kàttan.
7 Teewul seen baay wor ma, soppi sama
peyoor fukki yoon ak juróom, waaye Yàlla
seetaanu ko, mu di ma lor.
8 Bu nee: "Yi tippanteey sa peyoor," jur
gépp jur lu tippante; mbaa mu ne: "Yi
seereer ay sa peyoor," jur gépp jur lu
seereer.
9 Nii la Yàlla nangoo seen juru baay, jox
ma.
10 «Ba ñu demee ba jur giy wara tëbu,
damaa jeneer sikket yiy tëb bëy yi yépp di
lu seereer ak lu tippante mbaa ñu raxe.
11 Ca la ma malaakam Yàlla ma wax ci
biir gént gi ne ma: "Yanqóoba," ma ne ko:
"Naam."
12 Mu ne ma: "Siggil, xool sikket yiy tëb
bëy yi yépp, yii dañoo seereer, yee todde, yi
ci des tippante, ndaxte gis naa li la Laban
di def lépp.
13 Maay Yàlla, ja la feeñu woon Betel, fa
nga samp doj, sotti ci diw, sellale ko, te
dogu woon fa ci man. Léegi nag jógal, génn
réew mii, dellu ca réew ma nga juddoo."»
14 Rasel ak Leya ne ko: «Ndax amati nanu
benn cér walla ndono sunu kër baay?
15 Doonunu lu moy ay doxandéem ci
moom de! Nde da noo jaay, lekk sunu
njëg, ba mu jeex tàkk.
16 Te mboolem alal, ji Yàlla nangoo ci
sunu baay, noo ko moom, nun ak sunuy
doom. Kon nag léegi lu la Yàlla wax rekk,
def ko.»
17 Yanqóoba daldi dajale ay doomam ak
ay soxnaam, waral leen giléem,
18 ñu ànd tegu ca yoon wa, yóbbaale
géttam gépp ak mboolem alal ju mu liggéey.
Mooy gétt, ga mu sàkkoo Padan Aram. Ña
ngay ñibbi kër baayam Isaaxa ca réewu
Kanaan.
19 Fekk na Laban dem wati ay xaram*.
Ci biir loolu Rasel sàcc gàllaaji kër yu
baayam.
20 Noonu la Yanqóoba nëbboo Laban,
Arameen ba, bañ koo yégal ne day dem.
21 Ba mu demee, dafa yóbbaale la mu
amoon lépp, jóge fa, jàll dexu Efraat, wuti
tundi Galàdd.

## *Laban dabi na Yanqóoba*

* **31.19** Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat aka ëcc, di ci defar ag wëñ.

22 Yanqóoba daw na, ba mu am ñetti fan, ñu soog koo yégal Laban.
23 Mu ànd nag ak ay bokkam, topp ko juróom ñaari fan, door koo dab ca tundi Galàdd.
24 Ci kaw loolu Yàlla feeñu Laban, Arameen ba, ci géntu guddi ne ko: «Moytula wax Yanqóoba lenn lu koy gaar.»
25 Ba Laban dabee Yanqóoba, dafa fekk mu samp xaymaam ca tund wa. Laban it samp bosam ca kaw tundi Galàdd, moom aki bokkam.

26 Laban ne Yanqóoba: «Looy def nii, yaw, danga maa njublaŋ, yóbbaale sama doom yu jigéen, ñu mel ni ñu ñu jàppe ci xare?
27 Lu waral nga di ma nëbbuy daw, di ma njublaŋ, te bañ maa tàggu? Nde kon jombul ma yiwi la ci xol bu sedd, bu ànd aki woy, boole ci xalam aki sabar.
28 Mayoo ma sax, ma fóon samay sët ak samay doom yu jigéen, tàggatook ñoom; yëfi dof de nga def nii!
29 Manoon naa laa def lu bon, waaye sa Yàllay baay da maa feeñu biig ne ma: “Moytula wax Yanqóoba lenn lu koy gaar.”
30 Bu la neexee, nga namm sa kër baay, ba dogu caa dem, waaye lu tax nga sàcc sama gàllaaji kër, teg ci?»

31 Yanqóoba tontu Laban ne ko: «Xanaa ragaloon rekk ne jombul dinga téye say doom yu jigéen.
32 Waaye képp koo gis mu yor sa gàllaaji kër, boo yeboo reyal. Seetal fii ci sunu kanami bokk lépp lu ma fi yor, loo ci moom fabal, yóbbu.» Booba Yanqóoba xamul woon ne Rasel a ko jël.
33 Laban dugg ci xaymab Yanqóoba, teg ca xaymab Leya ak yosi ñaari jaamam yu jigéen ya, te gisul dara. Mu génne xaymab Leya, dugg ci bu Rasel.

34 Fekk na Rasel fab gàllaaji kër ya, làq ca ron tegu giléem ga, toog ca. Laban tëcc, tëcc ca biir xayma ba, gisul dara.
35 Rasel wax baayam ne ko: «Baay, baal ma de, damaa manula jóg ci sa kanam, ndaxte damaa ànd ak mbaax.» Laban seet na fu ne, waaye gisul gàllaaji këram ya.

36 Yanqóoba mer lool, daldi gëdd Laban ne ko: «Ndax damaa tooñ walla damaa moy, ba nga sambal ma, di ma topp nii?
37 Bi nga jéexee sama yëf yépp ba noppi, ana loo gis lu bokk ci sa yëfi kër? Teg ko fii ci sama kanami bokk ak say bokk, ñu àtte nu.
38 Xanaa du ñaar fukki at a ngii ma nekk ak yaw? Say xar ak say bëy ëmbuñu sax, mu yàqu, te masumaa lekk sa kuuyi gétt.
39 Jur gu rab fàdd sax ma féetewoo, waaye masuma la koo indil. Mboolem lu ñu sàcc guddi ak lu ñu sàcc bëccëg, danga ma ko daa feyu.
40 Naaj wi laa daan yendoo yenu bëccëg, di fanaanoo sedd guddi, mu xaw maa rey, ba duma gëmm bët.
41 Ñaar fukki at a ngii, ma di la jaamu ci kër gi, liggéeyal naa la fukki at ak ñeent ngir sa ñaari doom yu jigéen ñii, teg ci juróom benni at yu ma la sàmmal say gàtt, nga soppi sama peyoor fukki yoon ak juróom.
42 Su dul woon ak sama Yàllay baay, ji ànd ak man, di Yàllay Ibraayma ji Isaaxa wormaaloon, doon nga ma dàq tey, ma deme loxoy neen. Waaye sama toskare ak sama àqu ñaq la Yàlla gis, ba tax mu àtte ma ak yaw biig.»

43 Ba mu ko waxee loolu, Laban ne ko: «Jigéen ñii samay doom lañu, xale yii di samay sët, te gétt gii sama gétt a; lu fi nekk maa ko moom. Ñii di sama doom yu jigéen, nu ma leen di def tey, ñoom ak seeni doom?
44 Léegi ñëwal rekk, ñu fasante kóllëre maak yaw, te seede dox sunu diggante maak yaw.»
45 Ba loolu amee Yanqóoba jël aw doj, samp ko, muy doju xàmmikaay.
46 Yanqóoba ne ay bokkam: «Forleen ay doj.» Ñu for ay doj, def ko ab jal, daldi bokk lekk foofa ca wetu jal ba.
47 Laban tudde béreb ba Yegar Saaduta (muy firi Jalub seede); Yanqóoba tudde ko Galet†.

48 Booba la Laban ne: «Jal bii tey, mooy sunu seede sama diggante ak yaw.» Moo

† **31.47** ***Galet*** ci làkku ebrë ak *Yegar Saaduta* ci làkku arameen ñoo bokk lu ñuy tekki.

tax ñu tudde ko Galet (muy firi Jalub
seede).
49 Ñu di ko tudde itam Mispa (muy firi
Tatay wattukaay), ndax Laban da ne: «Yal
na Aji Sax ji wattu sunu diggante, keroog
bu ñu soree.
50 Soo soxoree samay doom yu jigéen,
mbaa nga takk yeneen jabar, bu fa kenn
nekkul sax, moytul, ndax Yàllaa nuy
seede.»
51 Laban neeti Yanqóoba: «Xoolal ci jal bii
ak doju xàmmikaay, wi ci sama digganteek
yaw.
52 Jal bi seede la, doj wi di seede ne
duma jéggi jal bi, jublu ci yaw, te yaw itam
doo jéggi jal bi mbaa doj wi, jublu ci man,
te naraluloo ma jàmm.
53 Yàllay Ibraayma ak Yàllay Naxor, ñoom
ñooñee di seen Yàllay baay, yal nañu àtte
sunu diggante.» Yanqóoba daldi giñ ci Yàlla
ji baayam Isaaxa wormaaloon.
54 Gannaaw loolu Yanqóoba sàkk sarax
ca kaw tund wa, woo ay bokkam, ñu bokk
lekk. Ba ñu lekkee ba noppi, fanaan ca
tund wa.

## 32

1 Ca ëllëg sa, Laban xëy suba teel, tàggoo
aki sëtam ak doomam yu jigéen ya, ñaanal
leen, ba noppi waññiku ñibbi.
2 Yanqóoba moom topp yoonam. Ci kaw
loolu ay malaakay Yàlla feeñu ko.
3 Ba leen Yanqóoba gisee, da ne dalub
Yàllaa ngii, ba tax mu tudde béreb ba
Maxanayim (muy firi Ñaari dal).

### *Yanqóoba ragal naa daje ak Esawu*

4 Ba loolu amee Yanqóoba dafa yónni ay
ndaw, ñu jiitu ko ca magam Esawu, ca
réewu Seyir, di diiwaanu Edom.
5 Mu sant leen ne leen: «Bu ngeen demee
ca sama sang Esawu, neleen ko: Sa surga
Yanqóoba nee na: “Maa nga woon ca kër
Laban bu yàgg ba tey,
6 ma doora ñëw, ànd ak ay nag ak ay
mbaam ak ay gàtt ak ay jaam yu góor ak
yu jigéen; may yónnee ci yaw, di la siyaare
tey sàkku nga dalal ma jàmm.”»
7 Ndaw ya daldi dem ba délsi ca
Yanqóoba, ne ko: «Dem nanu ca sa mag
Esawu, waaye moom ci boppam mu ngi ci
yoon wi di ñëw, fekksi la fii, te ma nga ànd
ak ñeenti téeméeri góor.»
8 Yanqóoba dégg loolu, tiit lool te ànd ak
njàqare, ba tax mu séddale mbooloo, ma
mu àndal, gàtt ya ak jur gu gudd ga ak
giléem ya itam, mu xaaj leen ñaar.
9 Booba mu ngi naan, bu Esawu songee
benn dal bi, dal bi ci des mana raw.
10 Ci kaw loolu Yanqóoba ñaan Yàlla, ne
ko: «Yaw Aji Sax ji, sama Yàllay maam
Ibraayma, di sama Yàllay baay Isaaxa
itam, yaa ma ne woon: “Dellul réew ma
nga cosaanoo, ca say bokk; dinaa la
baaxe.”
11 Yelloowuma lu gëna tuuti ci sa ngor ak
sa worma, gi nga ma won, man sa jaam.
Aw yet doŋŋ laa yoroon, ba ma jàllee dexu
Yurdan, te yokku naa tey, ba doon ñaari
dal.
12 Maa ngi lay ñaan, nga musal ma ci
sama loxol mag Esawu, ndaxte ragal naa,
mu ñëw bóom ma, bóomaale jigéen ñi ak
seeni doom.
13 Te yaw yaa ma ne: “Dinaa la baaxe
moos, yokk saw askan, ba mu tollu ni
suufas géej si kenn manula lim ndax
bare.”»
14 Yanqóoba fanaan na fa guddig keroog,
doora sàkk ca alalam, sédd magam Esawu,
15 lépp di ñaari téeméeri bëy ak ñaar fukki
sikket ak ñaari téeméeri xar ak ñaar fukki
kuuy
16 ak fanweeri giléem yu seeni doom di
nàmp, ak ñeent fukki nag ak fukki yëkk ak
ñaar fukki mbaam yu jigéen ak fukki
mbaam yu góor.
17 Mu ber gétt yi, gu ci nekk mu jox ay
surgaam, ne leen: «Jiituleen ma, te na gétt
yi dàndante.»
18 Ci biir loolu mu sant ki jiitu, ne ko:
«Boo dajeek sama mag, mu laaj la ne la:
“Kuy sa njaatige?” ak “Ku moom li nga
jiital?” ak “Foo jëm?”
19 nee ko: “Lii de sang bi, lu la Yanqóoba
may la, di la ko siyaaree, yaw Esawu, te
moom ci boppam mu ngi topp ci sunu
gannaaw.”»
20 Ndigal loolu la joxaat ñaareelu surga
ba ak ñetteel ba ak mboolem ña topp ca
gétt ya, ku ci nekk mu wax ko ne ko loolu
lay wax Esawu, bu ko gisee,

21 tegati ca ne ko: «Te nee ko itam: “Sa
surga Yanqóobaa ngi topp ci sunu
gannaaw.”» Booba Yanqóobaa ngi naa ci
xelam: «Bu ma jiitalee li ma ko may,
neexale ko ko, bala maa janook moom,
jombul mu dalal ma jàmm.»
22 Neexal ba da koo jiitu, moom mu
fanaan guddig keroog ca dal ba.

### *Lu jëm ci bëreb Yanqóoba ba*

23 Gannaaw loolu Yanqóoba jóg ca guddi
ga, ànd ak ñaari soxnaam, ñaari jaamam yu
jigéen ak fukki doomam yu góor ak benn,
daldi jàll dexu Yabog.
24 Yanqóoba da leena jàllale, jàllewaale
alalam jépp itam.
25 Mu des fa nag moom doŋŋ.
Kera la genn góor fanaane bëre ak
moom, ba bët set.
26 Ba nit ka xamee ne manalu ko dara,
dafa dóor Yanqóoba ci yaxu mooco bi, mu
summikoo ca bëre ba.
27 Nit ka ne ko: «Bàyyi ma, ma dem, ndax
bët a ngi bëgga set.» Teewul Yanqóoba ne
ko: «Duma la bàyyi, nga dem, li feek
ñaanaloo ma.»
28 Nit ka ne ko: «Na nga tudd?» Mu ne
ko: «Yanqóoba.»
29 Nit ka ne ko: «Tuddatuloo Yanqóoba,
léegi Israayil nga tudd, ndaxte bëre nga ak
nit, bëre ak Yàlla, ba génn ci ak jàmm*.»
30 Yanqóoba ne ko: «Waaw, yaw nag noo
tudd?» Mu wax ko ne ko: «Loo may laaje
sama tur?» ba noppi barkeel ko foofa.
31 Ci kaw loolu Yanqóoba tudde béreb ba
Peniyel (muy firi Xar-kanamu Yàlla),
ndaxte da ne: «Ne naa Yàlla jàkk, te maa
ngi dund ba tey.»
32 Ba jant bay fenk, Yanqóobaa ngi soox
tànk bi, di bàyyikoo Penuwel†.
33 Looloo tax ba tey jii bànni Israayil
duñu lekk yàpp wi jàpp ci tenqob mooco,
ndax li moocob Yanqóoba summikoo
woon ca suuxu tenqo ba.

## 33

### *Yanqóoba ak Esawu jàmmoo nanu*

1 Gannaaw loolu Yanqóoba séen Esawu
di ñëw, ànd ak ñeenti téeméeri góor, mu
séddale xale yi, diggante Leya, Rasel ak
ñaari jaam ya.
2 Dafa jiital jaam ya ak seeni doom, tofal
ca Leya ak ay doomam, Rasel ak Yuusufa
féete gannaaw.
3 Moom ci boppam nag, mu jiitu leen,
wutali magam, di dox tey sujjóot, ba muy
juróom ñaari yoon.
4 Teewul Esawu daw gatandu ko, taf ko
ci boppam, langaamu ko, di ko fóon. Ñu
daldi jooy!
5 Naka la Esawu siggi, gis jigéen ñi ak
xale yi, mu ne: «Ñii ànd ak yaw ñooy ñan?»
Yanqóoba ne ko: «Xanaa njaboot, gi ma
Yàlla baaxe, sang bi.»
6 Jaam ya ak seeni doom daldi jegesi,
sujjóotal ko.
7 Leya it topp ca, moom aki doomam,
jegesi ñoom itam, sujjóot. Yuusufa ak Rasel
doora jegesi sujjóot.
8 Esawu ne ko: «Waaw, dal bu réy bii ma
dajeel, loo ci namm?» Yanqóoba ne ko:
«Xanaa di sàkku nga dalal ma jàmm rekk,
sang bi.»
9 Esawu ne ko: «Am naa lu ne gàññ,
sama rakk, fabal sa alal.»
10 Yanqóoba ne ko: «Ngalla waay déet,
dimbali ma rekk te jël li ma la may.
Ndaxte bi ma nee jàkk ci sa kanam, gis naa
ni nga ma laaye biir, ba mu mel ni Yàllaa
ma geestoo yërmandeem.
11 Kon jëlal lii ma la may, ndax Yàlla
baaxe na ma, ba ma barele.» Mu tinu ko,
ba Esawu mujj nangu.
12 Gannaaw loolu Esawu ne: «Tee noo
ànd dem boog, ma jiitu la?»
13 Yanqóoba ne ko: «Sang bi, xam nga,
xale yi dañoo néew doole, te it gàtt yi ak
nag yiy nàmpal laay xalaat. Su nu leen
sëqatalee benn bés rekk, gàtt yépp dee.
14 Jiitu ma rekk, sang bi, man ma topp
ndànk ci wewu jur gi, jiital leen, te baña
raw xale yi, ba kera ma lay fekksi Seyir.»
15 Esawu ne ko: «Xaaral ma bàyyee la
ñenn ci góor ñi ma àndal.» Yanqóoba ne ko:
«Matu ko. Boobu teraanga ëpp na, sang bi.
Jàmm ji nga ma dalal rekk doy na.»

* **32.29** Ñaari kàdduy ebrë yu taqoo ñoo sos baatu *Israayil.* Li jiitu ci baat bi mu ngi tekki «bëre». Li ci topp di tekki «Yàlla». † **32.32** ***Penuwel*** mooy Peniyel ba tey.

16 Booba la Esawu dellu, jubal yoonu
Seyir.
17 Yanqóoba moom jubal gox bu ñu naan
Sukkót, tabax fa kër, mbaaral géttam, moo
tax ñu tudde béreb boobu Sukkót (muy firi
ay Mbaar).
18 Gannaaw ga, Yanqóoba agsi Sikem, ga
ca réewu Kanaan, ci jàmm. Fekk na mu
bàyyikoo Padan Aram, ba dal fa jàkkaarlook
dëkk ba.
19 Booba la jënde ca sëti Amor, baayu
Sikem, pàkk, ba mu sampoon xaymaam, ci
téeméeri kesita*.
20 Mu daldi fay sàkk sarxalukaay, tudde
ko El Elowe Israayil (muy firi Yàllay
Israayil mooy Yàlla).

# 34

*Tooñ nañu Diina doomu Yanqóoba*

1 Am na bés Diina, ku jigéen ki Leya am
ak Yanqóoba, génn di seeti moroom ya ca
dëkk ba.
2 Ci kaw loolu Sikem doomu Amor, miy
Eween te di kilifa ca dëkk ba, daldi koy gis,
jàpp ko, tëdde ko, toroxal ko.
3 Gannaaw bi, Sikem xemmem na Diina
doomu Yanqóoba lool te bëgg ko, ba tax
mu di ko naxtaan.
4 Loolu waral mu ne baayam Amor:
«Ñaanal ma janq bi jabar.»
5 Yanqóoba nag dégg ne Sikem toroxal na
Diina, doomam ju jigéen, fekk booba
doomam yu góor yaa nga woon ca àll ba, fa
jur ga nekk. Yanqóoba ne cell, ba ñu ñibbisi.
6 Ci diggante boobu Amor, baayu Sikem,
ñëw ci Yanqóoba, ngir gise ak moom.
7 Ca la doomi Yanqóoba agsee, jóge ca
tool ya. Ba ñu déggee la xew, dañoo am
naqar wu réy, mer lool ndax gàcce, ga
Sikem teg waa Israayil, ba mu tëddee
doomu Yanqóoba ja, te loolu di lu defuwul.
8 Amor wax ak ñoom ne leen: «Sama
doom Sikem dafa bëgg seen jigéen ci
xolam. Dama leen di ñaan, ngeen may ko
ko jabar.
9 Tee noo séyante, ngeen may nu seeni
janq, te jël ci sunuy janq?
10 Su ko defee ngeen dëkk ak nun te réew
mi di seen réew. Man ngeen fee sanc, dem
fu leen neex, sàkku fi alal.»
11 Sikem it wax ak baayu Diina ak
càmmiñ ya ne leen: «Su ngeen ma
nangulee, lépp lu ngeen ma wax dinaa ko
joxe.
12 Limalleen ma warugar yi ak nu mu
mana tollu, boole ci may gi; dinaa joxe lu
ngeen ma sas; mayleen ma janq bi rekk.»
13 Waaye doomi Yanqóoba ya, ay nax
lañu tontoo Sikem ak baayam Amor, ndax
li Sikem toroxal seen jigéen Diina.
14 Dañu ne leen: «Manunu loolu, ndax
may sunu jigéen góor gu xaraful, loolu
gàcce la ci nun.
15 Dunu leen mana nangul mbete ngeen
melee ni nun ci kaw seeni góor ñépp xaraf.
16 Su ko defee dinanu leen may sunuy
janq, te dinanu jël ci seeni janq, dëkk ak
yeen, nuy ay bokk.
17 Waaye su ngeen nu déggalul, ba
xarafuleen, danuy jël sunu jigéen, dem.»
18 Seen wax jooju neex Amor ak Sikem
doomu Amor.
19 Xale bu góor bi daldi gaawtu def li ñu
ko sant ndax mbëggeelam ca doomu
Yanqóoba. Booba Sikem lañu gënoona weg
ca waa kër baayam yépp.
20 Amor nag ànd ak doomam Sikem,
dem ba ca pénc ma, wax ak waa dëkk ba
ne leen:
21 «Ñii sunuy am-di-jàmm lañu, te
gannaaw réew maa ngi ne yàmblaŋ,
bàyyileen leen, ñu sanc te dem fu leen
neex. Man nanoo jël seen doomi janq te di
leen may sunuy doom.
22 Waaye li ci nekk mooy, seeni góor
duñu nangoo dëkk ak nun, nuy ay bokk,
ndare sunu góor ñépp xaraf ni ñoom.
23 Bu nu leen nangulee, ba ñu dëkk ci
sunu biir, kon seeni jur ak seen alal ak
seen mala yépp, ndax du nooy doon
boroom?»
24 Ba mu ko defee mboolem góori dëkk
ba déggal Amor ak doomam Sikem, ba
ñoom ñépp xaraf.
25 Ca gannaaw ëllëg sa, fekk waa dëkk ba
nekk ci mititu xarafal ba, ñaari doomi

* **33.19** ***kesita,*** xaalisu réew ma la woon.

Yanqóoba ya, Simeyon ak Lewi, càmmiñi
Diina, jël seeni saamar, dugg ca dëkk ba,
bett leen, rey góor ñépp.
26 Ca lañu leel ñawkay saamar Amor ak
doomam Sikem, ñu dee, ñu jële Diina kër
Sikem, ànd ak moom, dem.
27 La ca tegu doomi Yanqóoba ya ca des
futti néew ya, jëlaale alalu waa dëkk ba,
ndax li ñu toroxal seen jigéen.
28 Ñu daldi jël seen jur gu gàtt ak gu
gudd, seeni mbaam ak mboolem la ca biir
dëkk ba ak la ko wër.
29 Noonu lañu jële seen alal jépp ak seeni
doom ak seeni jabar, boole ca jël mboolem
lu nekkoon ca biir kër ya.
30 Yanqóoba nag wax ak Simeyon ak
Lewi ne leen: «Indil ngeen ma musiba,
ndax dingeen tax waa réew mépp jéppi ma,
muy Kanaaneen ñi, di Periseen ñi. Te itam
awma lu dul góor ñu néew, te bu ñu booloo
dal ci sama kaw, dañu may booleek sama
waa kër faagaagal.»
31 Ñu ne ko: «Danuy seetaan sunu jigéen
daal, ñu di ko def ab gànc?»

# 35

## *Yanqóoba sanc na Betel*

1 Ba loolu wéyee Yàlla ne Yanqóoba:
«Jógal dem Betel, toog fa te nga sàkkal fa
sarxalukaay Yàlla, ji la feeñu, ba ngay daw
sa mag Esawu.»
2 Yanqóoba wax ak waa këram ak ñi ànd
ak moom ñépp ne leen: «Jëleleen ci seen
biir tuuri doxandéem yi, te ngeen
sangu-set te solu.
3 Danuy dem Betel, ma sàkkal fa
sarxalukaay Yàlla ji ma wallu, ba ma
nekkee ci njàqare, te ànd ak man fépp fu
ma jaar.»
4 Ñu daldi jox Yanqóoba mboolem tuuri
doxandéem, yi ñu yor, ak seen jaaroy
nopp, Yanqóoba boole suul ca taatu garab*
gu mag ga nekkoon ca wetu dëkk, ba ñu
naan Sikem.
5 Gannaaw loolu ñu sàqi, Yàlla nag wàcce
tiitaange ju réy ca kaw dëkk ya leen wër,
ba taluñoo dabi doomi Yanqóoba ya.
6 Ba mu ko defee Yanqóoba ak ñi mu
àndal ñépp agsi Lus, di Betel ba tey, foofa
ca réewu Kanaan.
7 Mu sàkk fa nag sarxalukaay, tudde
béreb ba El Betel, ndax foofa la ko Yàlla
feeñoo, bi muy daw magam.
8 Foofa itam la Debora, ma daa nàmpal
Rebeka, faatoo, ñu suul ko ca taatu garab
gu mag ga ca wetu Betel. Ñu tudde garab
ga Alon Bakut (muy firi Garabu jooyoo).
9 Ba Yanqóoba jógee Padan Aram, Yàlla
feeñuwaat na ko, barkeel ko
10 ne ko: «Yaa di Yanqóoba, waaye
deesatu la woowe Yanqóoba; léegi yaa di
Israayil.»
Mu tudde ko nag Israayil.
11 Yàlla neeti ko: «Man maay Yàlla Aji
Man ji. Giiral te yokku, ba aw xeet ak
mbooolooy xeet sosoo ci yaw, te ay buur
askanoo ci sa geño.
12 Réew mi ma sédd Ibraayma ak Isaaxa,
yaw laa koy sédd, yaak askan wi soqikoo ci
yaw.»
13 Naka la Yàlla wax ak Yanqóoba loolu,
daldi teqalikoo ak moom.
14 Yanqóoba samp doju xàmmikaay ca
béreb, ba Yàlla waxe ak moom, tuural ko fa
biiñ, sotti fa diw, sellale.
15 Yanqóoba ma nga tudde béreb ba Yàlla
waxeek moom, Betel†.

## *Beñamin juddu na, Rasel faatu*

16 Ba loolu wéyee ñu jóge Betel, dem bay
bëgga jub Efrata. Rasel tollu ciw mat, te
mat wi metti.
17 Ba mu demee ba mat wa gëna metti,
rewlikat ba ne ko: «Muñal nag, ndax góor
laati de!»
18 Booba Rasel a ngi waaja faatu.
Terewul bala bakkanam a rot tudde na
xale bi Benoni (muy firi Sama doomu
coono). Teewul baay bi tudde ko Beñamin‡
(muy firi Sama doomu njiglaay).
19 Ci kaw loolu Rasel faatu, ñu denc ko ca
yoonu Efrata, ga ñuy wax Betleyem ba tey.
20 Yanqóoba nag samp aw doj ca
bàmmeel ba, te mooy xàmmikaayu
bàmmeelu Rasel ba tey jii.

* **35.4** Xeetu garab la gu ñuy wax terebent. † **35.15** ***Betel:*** mu ngi tekki «kër Yàlla». ‡ **35.18** ***Beñamin:*** mu ngi jóge ci *ben yamin,* di tekki «doomu ndijoor», waaye li tur wiy wund mooy «doomu njiglaay».

21 Ba mu ko defee Israayil jóge fa, samp
xaymaam ca gannaaw Migdal Eder.

*Doomi Yanqóoba ya*

22 Ba Israayil dëkkee ca réew ma, am na
bés Ruben dem tëdd ak Bilaa, nekkaaleb
baayam; Israayil yég ko.

Doomi Yanqóoba§ yu góor fukk lañu ak
ñaar.
23 Doomi Leya ñooy: Ruben, taawub
Yanqóoba, ak Simeyon ak Lewi ak Yuda ak
Isaakar ak Sabulon.
24 Doomi Rasel di Yuusufa ak Beñamin.
25 Doomi Bilaa, jaamub Rasel, di Dan ak
Neftali.
26 Doomi Silpa, jaamub Leya, di Gàdd ak
Aser. Ñooñooy doomi Yanqóoba, te mu ame
leen ca Padan Aram.

*Isaaxa faatu na*

27 Yanqóoba dellu na kër baayam Isaaxa
fa Mamre, ca Kiryaat Arba, gay Ebron ba
tey, fa Ibraayma ak Isaaxa daloon.
28 Isaaxa dund na téeméeri at ak juróom
ñett fukk (180).
29 Foofa la bakkanam rote, mu faatu,
fekki ay maamam, gannaaw ba mu
màggatee, ba ñor xomm. Ba loolu amee ay
doomam Esawu ak Yanqóoba rob ko.

## Askanu Esawu

# 36

*(Saar 36.1-43)*

1 Askanu Esawu, mi ñuy wax Edom,
mooy lii.
2 Esawu jël na janqi Kanaaneen jabar.
Ñooñoo di Ada doomu Elon, Etteen ba, ak
Olibama doomu Ana, miy doomu
Cibeyon, Eween ba,
3 ak Basmat doomu Ismayla, di jigéenub
Nebayot.
4 Ada am ak Esawu Elifas; Basmat am ca
Rewel.
5 Olibama am ca Yewus, Yalam ak Kore.
Ñooñu ñooy doomi Esawu yu góor, te mu
am leen ca réewu Kanaan.
6 Ba loolu amee Esawu ànd aki soxnaam,
aki doomam yu góor ak yu jigéen, ak waa
këram ñépp, jiital géttam ak juram gépp,
yóbbaale mboolem alal ju mu amoon ca
réewu Kanaan, daldi sanci meneen réew
ngir sore rakkam Yanqóoba.
7 Li ko waral mooy, seen alal dafa bare
woon lool, ba manuñoo dëkk ñoom ñaar, te
réew mi ñu daloon, àttanu leen ndax seen
gétt yu bare.
8 Esawu nag dëkk ca tundu Seyir: Esawu
moomu mooy Edom.
9 Askanu Esawu, di maami Edomeen ña
ca tundi Seyir, mooy lii.
10 Doomi Esawu yu góor ñooy: Elifas, mi
mu am ak soxnaam Ada; ak Rewel, mi mu
am ak soxnaam Basmat.
11 Doomi Elifas yu góor yi di Teman ak
Omar ak Cefo ak Gatam ak Kenas.
12 Elifas amoon na it nekkaale bu ñuy
wax Timna. Mu am caak moom Amaleg.
Ñooñoo xeetoo ci Ada, soxnas Esawu.
13 Doomi Rewel yu góor ñoo di Naxat ak
Sera ak Saama ak Misa. Ñooñoo xeetoo ca
Basmat, soxnas Esawu.
14 Soxnas Esawu, si ñu naa Olibama, tey
doomu Ana miy doomu Cibeyon, moo am
ak Esawu doom yu góor yii: Yewus ak
Yalam ak Kore.
15 Làngi doomi Esawu yu góor nag, ñooy
ñii. Ñi askanoo ci Elifas taawub Esawu,
ñuy Teman ak Omar ak Cefo ak Kenas
16 ak Kore ak Gatam ak Amaleg, ku ci
nekk ak làngam. Làngi Elifas, ya ca réewum
Edom a ngi noonu; ñooy sëti Ada.
17 Ñi askanoo ci Rewel doomu Esawu,
ñooy Naxat ak Sera ak Saama ak Misa, ku
ci nekk ak làngam. Làngi Rewel, ya ca
réewum Edom a ngi noonu; ñooy sëti
Basmat, soxnas Esawu.
18 Ñi xeetoo ci Olibama soxnas Esawu,
ñooy Yewus, Yalam ak Kore, ku ci nekk ak
làngam. Ñooñooy làngi Olibama, soxnas
Esawu siy doomu Ana.
19 Ñooñooy doomi Esawu, mi ñuy wax
Edom, ñooñooy doomam yu góor, ñook
seeni làng.

*Lu jëm ci ña sancoon réewum Edom*

20 Doomi Seyir yu góor, ya bokk ca waa
Or te sancoon ca réew ma, ñooy Lotan ak
Sobal ak Cibeyon ak Ana
21 ak Dison ak Eccer ak Disan. Ñooñooy
làngi waa Or, di sëti Seyir ya ca réewum
Edom.

§ **35.22 *Yanqóoba*** mooy Israayil.

22 Doomi Lotan yu góor ñoo di Ori ak
Emam. Jigéenub Lotan di Timna.
23 Doomi Sobal yu góor ñoo di Alwan ak
Manaxat ak Ebal ak Sefo ak Onam.
24 Doomi Cibeyon yu góor di Aya ak Ana.
Te Ana moomu moo feeñal bëti ndox yu
tàng ya ca màndiŋ ma, ba muy sàmm
mbaami baayam Cibeyon.
25 Doomu Ana ju góor mooy Dison, ak
Olibama, doomam ju jigéen.
26 Doomi Dison yu góor di Emdan ak
Esban ak Yittran ak Keran.
27 Doomi Eccer yu góor ñoo di Bilan ak
Saawan ak Akan.
28 Doomi Disan yu góor di Ucc ak Aran.

### *Lu jëm ci buur ya njëkka falu ca Edom*

29 Làngi waa Or ñooy ñi askanoo ci Lotan
ak Sobal ak Cibeyon ak Ana
30 ak Dison ak Eccer ak Disan, ku ci nekk
ak làngam. Ñooñooy làngi waa Or, na ñu
xàjjalikoo kenn-kenn ca réewu Seyir.
31 Buur ya falu woon ca réewum Edom,
lu jiitu benn buuru bànni Israayil di falu
ñii la:
32 Bela doomu Bewor ju góor falu na ca
Edom. Dinaba moo doon péeyam.
33 Ba Bela faatoo, Yobab doomu Sera, ma
dëkk Boccara, moo falu buur, wuutu ko.
34 Ba Yobab faatoo, Usam ma bokk ci
diiwaanu waa Teman falu buur, wuutu
ko.
35 Ba Usam faatoo, Adàdd, doomu
Bedàdd ju góor, ja duma woon waa Majan
ca réewu Mowab, daldi falu buur, wuutu
ko. Péeyam moo doon Awit.
36 Ba Adàdd faatoo, Samla ma dëkk
Masreka moo falu buur, wuutu ko.
37 Ba Samla faatoo, Sawul mu Rexobot
Efraat moo falu buur, wuutu ko.
38 Ba Sawul faatoo, Baal Anan doomu
Agbor ju góor moo falu buur, wuutu ko.
39 Ba Baal Anan doomu Agbor faatoo,
Adar falu buur, wuutu ko. Pawu moo
doon péeyam, soxnaam di Metabeel ma
Mataredd doomu Mesaab di yaayam.
40 Làng yi sosoo ci Esawu nag, làng gu ci
nekk ak turam ak njaboot, ya mu ëmb, ak
gox, ba mu dëkke, ñoo di ñii: ñi askanoo ci
Timna ak Alwa ak Yetet
41 ak Olibama ak Ela ak Pinon
42 ak Kenas ak Teman ak Mibcar
43 ak Magdiyel ak Iram, ku ci nekk ak
làngam. Ñooñoo doon kilifay Edom, ma ñu
naa Esawu, moom ma giir Edomeen ñi,
làng gu ci nekk ak gox, ba nga dëkke te
moom ko.

## Askanu Yanqóoba

# 37

*(Saar 37.1—50.26)*

### *Yuusufa gént na lu yéeme*

1 Yanqóoba ma nga dëkkoon réewu
Kanaan, fa baayam daloon.
2 Askanu Yanqóoba mooy lii.
Yuusufa tollu na ci waxambaane, am
fukki at ak juróom ñaar, di sàmmle jur gi
doomi baayam, yi nga xam ne soxnay
baayam Bilaa ak Silpa ñoo leen jur.
Yuusufa nag di leen boole ak seen baay.
3 Booba Yanqóoba, Yuusufa la gëna bëgg
ci ay doomam, ndax li mu màggat door
koo am. Mu ràbblul ko mbubb mu yànj.
4 Mag ya nag gis ne Yuusufa la seen
baay gëna bëgg ci ay doomam. Loolu tax
ñu bañ ko, ba manuñoo séq ak moom
kàddu gu rafet.
5 Mu am bés Yuusufa gént, nettali ko ay
magam, ba tax ñu gënati koo bañ.
6 Da ne leen: «Dégluleen li ma gént.
7 Danoo nekk ca tool ya, di góob. Ba nu
takkee, sama takk jekki-jekki ne sàtt,
taxaw, seen takk wër sama takk, di ko
sujjóotal.»
8 Mag ya ne ko: «Dangaa nara falu ci
sunu kaw? Danga noo nara jiite?» Ñu
gënati koo bañ nag ndax géntam ya ak la
mu leen ca wax.
9 Gannaaw gi, geneen gént dikkal ko, mu
nettali ko ay magam ne leen: «Dégluleen,
géntaat naa. Gis naa jant bi ak weer wi ak
fukki biddiiw ak benn di ma sujjóotal.»
10 Ba mu ko nettalee ay magam, ba
nettali ko baayam, baayam da koo soow
ne ko: «Yaw, li nga gént, lu mu doon?
Xanaa du maak sa yaay ak say mag noo
lay sujjóotal?»
11 Mag ya nag iñaane ko. Teewul baayam
moom bàyyi xel ci mbir moomu.
12 Mu am bés ay magam dem dëkk ba
ñuy wax Sikem, sàmmi seen juru baay.

13 Israayil ne Yuusufa: «Xam nga ne say
mag sàmmi nañu Sikem. Kaay, ma yónni la
ci ñoom.» Yuusufa ne ko: «Waaw.»
14 Yanqóoba ne ko: «Demal seeti say mag,
ba xam ndax ñu ngi ci jàmm, ñoom ak jur
ga, te nga ñëw, wax ma.» Mu yebal ko, mu
jóge xuru Ebron, jubal Sikem.
15 Naka la jenn waay dajeek moom
foofa, fekk muy wëreelu ca àll ba. Waa ja
ne ko: «Looy seet?»
16 Yuusufa ne ko: «Samay mag laay seet.
Xamoo fu ñu tollu, di sàmm?»
17 Waa ja ne ko: «Jóge nañu fii de, ndax
dégg naa ñu naan: "Nanu dem Dotan."»
Yuusufa toppi magam ya ba Dotan, fekk
leen fa.
18 Naka la ko mag ya séen fu sore, daldi
mànkoo bala moo agsi, ci pexem rey ko.
19 Ña nga naan: «Boroom gént gaa ngee di
ñëw!
20 Nanu ko rey gaaw, sànni ko ca kàmb
yee*, su ko defee danu naan, rabu àll a ko
fàdd. Nu seet ba xam fu muy mujj aki
géntam?»
21 Ruben nag dégg ca, di ko fexee xettali.
Mu ne leen: «Bunu ko rey.»
22 Ruben teg ca ne leen: «Buleen tuur
deret. Sànnileen ko ca kàmb gee ca àll ba,
waaye bu ko loxo dal.» Booba ma ngay
wut nu mu xettalee Yuusufa ci ñoom, ba
delloo ko baayam.
23 Ba Yuusufa agsee ca magam ya, dañoo
futti mbubbam, mooy mbubb mu yànj, ma
mu soloon.
24 Ñu jàpp ko, tàbbal ca biir kàmb ga, fekk
mu déy, ba wow koŋŋ.
25 Loolu wees ñu toog, di lekk. Nes tuut
ñu siggi, séen am njëggum giléem, muy ay
julay Ismayleen, yu sëf cuuraayu ndàbb ak
diwu yaram ak cuuraayu xas†, jële ko
réewu Galàdd, jëme Misra.
26 Yuda ne doomi baayam ya: «Bu nu
reyee sunu rakk jii, nëbb deret ji, lu nu ciy
jële?
27 Tee nu koo jaay Ismayleen ñi, te bañ
koo sàkkal pexe nun ci sunu bopp? Ndax
kat sunu rakk a, di sunu deret.» Doomi
baay ya déggal ko.
28 Julay Majan ya‡ nag jaare fa, magi
Yuusufa yóotu ko, génne ko kàmb ga, jaay
ko Ismayleen ña ci ñaar fukki dogi xaalis.
Ñu yóbbu Yuusufa Misra.
29 Ba mu ko defee Ruben dellu ca kàmb
ga, gis ne Yuusufa nekkatul ca biir, mu
mititlu ko, ba xotti ay yéreem.
30 Ba loolu amee mu jóge ca, dem ca ay
rakkam ne leen: «Xale ba nekkatu fa de!
Te man xawma nu may def léegi.»
31 Ñu jël nag mbubbu Yuusufa, rendi ab
sikket, taqal mbubb ma ca deret ja.
32 Gannaaw loolu ñu yóti seen baay
mbubb ma, ne ko: «Lii lanu gis de, xoolal
bu baax ndax du sa mbubbu doom?»
33 Yanqóoba xàmmee ko, daldi ne: «Sama
mbubbu doom a moos! Éey waay, rabu àll
kay moo daggate Yuusufa, yàpp ko!»
34 Ci kaw loolu Yanqóoba mititlu ko, ba
xotti ay yéreem, taraxlaayoo ab saaku, di
jooy doomam ay fan.
35 Doomam yépp, góor ak jigéen ñëw, di
ko dëfal, te noppiwul, xanaa naan: «Damay
jooy, ba dem njaniiw, fekki sama doom.»
Baayam di ko jooy,
36 fekk waa Majan yóbbu nañu ko Misra,
jaay ko Potifaar, jawriñu Firawna mi jiite
ay dagam.

# 38

### *Lu jëm ci Yuda ak Tamar ak seen askan*

1 Ca jamono yooyu Yuda dafa teqalikoo
ak ay doomi baayam, dal ca waa ju dëkk
Adulam te tudd Ira.
2 Foofa nag Yuda gis fa sennas ndaw, su
doon doomu ab Kanaaneen bu tudd
Suwa, mu jël ko soxna.
3 Suwa ëmb, am doom ju góor, tudde ko
Er.
4 Mu dellu ëmb, am doom ju góor, tudde
ko Onan.
5 Mu amati doom ju góor, tudde ko Sela.
Ba Sela di juddu, fekk na Yuda nekk ci
béreb bu ñu naan Kesib.
6 Gannaaw gi, Yuda jëlal taawam Er
jabar ju tudd Tamar.

* **37.20** ***kàmb*** yooyu, loxo lañu ko daan yatte ca màndiŋ ma, di ca denc ndox. † **37.25** ***cuuraay*** yooyu, gom la woon ak boom ak miir. ‡ **37.28** ***Julay Majan ya*** ñooy Ismayleen ña ba tey. Seetal ci Njiit ya 8.22-24.

7 Er, taawub Yuda boobee, doonoon ku
Aji Sax ji seede coxoram; Aji Sax ji nag rey
ko.
8 Yuda ne Onan: «Demal ci sa jabaru
mag, donn ko, ndax nga giiral sa mag aw
askan.»
9 Teewul Onan xam ne du doon askan
wu muy moom, ba tax saa yuy séy ak
jabaru magam, bay wara àgg rekk, tuur
maniyu wi ci suuf, ngir baña giiral
magam[*].
10 Aji Sax ji ñaawlu li muy def, ba tax mu
faat ko, moom itam.
11 Yuda daldi wax Tamar jabaru
doomam ne ko: «Demal sa kër baay, ténjeji
fa, ba sama doom Sela màgg.» Booba Yuda
dafa ragal Sela faatu moom itam ni ay
magam. Tamar nag dem, toog kër baayam.

12 Ba ñu demee ba mu yàgg, doomu
Suwa, soxnas Yuda faatu. Ba dëj ba wéyee,
Yuda dem fekki watkati xaram ca Timna.
Ira, xaritam bi dëkk Adulam a nga ànd ak
moom.
13 Ñu yégal Tamar ne ko: «Sa goroo ngii
jëm Timna, di wati ay xaram[†].»
14 Ba loolu amee mu summi yérey jëtun
ya, muuru, sàngu, toog ca selebe yoon wa
jëm Enayim ca yoonu Timna, ndax booba
gis na ne Sela màgg na te mayuñu ko ko,
muy jabaram.
15 Yuda gis ko, yaakaar ne gànc la, ndax
li mu muuru[‡].
16 Mu jàdd, ñëw ba ca moom, ne ko:
«Ndax man naa la tëdde?» Fekk na xamul
woon ne goroom la. Mu ne ko: «Loo may
fey, ngir ànd ak man?»
17 Mu ne ko: «Dinaa jël bëy wu ndaw ca
sama gétt, yónnee la.» Mu ne ko: «Jox ma
lenn looy tayle, ba kera ngay yónnee.»
18 Mu ne ko: «Lu ma lay tayle?» Ndaw si
ne ko: «Xanaa sa jaarob màndargaal, ak
buum gi mu àndal ak yet wi ci sa loxo.» Mu
jox ko nag, ba noppi ànd ak moom. Fa la
doxe ëmb.
19 Ndaw sa dem yoonam, dindi
muuraay ba, solaat yérey jëtun ya.
20 Ba loolu wéyee Yuda yebal xaritam,
ba dëkk Adulam, mu yóti ndaw sa bëy wu
ndaw wa, ba mana jotaat la mu tayle
woon ca ndaw sa. Xarit ba nag gisu ko.
21 Mu laaj waa gox ba, ne leen: «Ana gànc
biy toog Enayim ci yoon wi?» Ñu ne ko:
«Fii de ab gànc nekku fi.»
22 Mu dellu ca Yuda ne ko: «Gisuma ko
de, te it waa gox ba nee nañu, foofa gànc
nekku fa.»
23 Yuda ne ko: «Nanu ko ko wacce, mu
jël, lu ko moy ñu ree nu, gannaaw maa ngi
nii yónnee bëy wu ndaw wii, te yaw gisoo
ko kay.»

24 Ba ñu ca tegee lu tollook ñetti weer, ñu
xamal Yuda ne ko, Tamar goroom ba, da
doon jaay boppam, ba jaare ca ëmb. Yuda
ne: «Nañu ko yóbbu, lakk ko, ba mu dee.»
25 Naka lañu koy yóbbu, mu yóbbante
goroom ba ay kàddu. Da koo wax ne ko:
«Ki moom lii moo ma ëmbal.» Mu teg ca ne
ko: «Xoolal bu baax te wax ma ku moom
jaarob màndargaal bi ànd ak buum gi, ak
yet wi.»
26 Yuda xàmmee yëf ya nag, ne: «Moo ma
gëna nekk ci dëgg de, gannaaw mayuma
ko sama doom Sela.» Gannaaw ba loolu
wéyee, àndatul ak moom.

27 Tamar dem, ba wara wasin, ndekete
ay seex la ëmb.
28 Ba muy mucc, kenn ca doom ya daa
tàllal loxo ba, rewlikat ba jàpp ca, takk ca
wëñ gu xonq curr. Mu ne: «Kii moo njëkka
génn.»
29 Naka la delloo loxoom, seexam juddu,
mu ne ko: «Yaw foo bëtte, ba génn?» Ñu
daldi ko tudde Peres (muy firi Bëtt).
30 Nes tuut seex, bi wëñ gi takke ci loxo
li, door caa topp, ñu tudde ko Sera (muy
firi Jant fenk na)[§].

# 39

## *Jaay nañu Yuusufa jawriñu Firawna*

[*] **38.9** Ci yooyu jamono, ku donn sa jabaru mag ci bànni Israayil, doom joo ca am, du bokk ci yaw waaye dañu koy féetele sa mag ji faatu. [†] **38.13** Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat aka ëcc, di ci defar ag wëñ. [‡] **38.15** Ci yooyu jamono gànc yi daan nañu leen xàmmee seen muuraay. [§] **38.30** Ci bànni Israayil, ki njëkka juddu ci seex yi mooy mag. [*] **39.1** ***Firawna*** turu pal la, wu buuri Misra daan tudd. Firawna mii wuute na ak Firawna, mi bokkoon ak Musaa jamono.

1 Ba ñu yóbboo Yuusufa Misra, Potifaar,
jawriñu Firawna*, ma jiite ay dagam, da
koo jënd ca Ismayleen ña ko fa indi.
2 Ci kaw loolu Aji Sax ji ànd ak Yuusufa,
may ko ndam, mu dëkk ca kër sangub waa
Misraam ba.
3 Sang ba nag gis ne Aji Sax jaa ngi ànd
ak Yuusufa, di ko may ndam ci lépp lu mu
sabablu.
4 Sang ba am cofeel ci Yuusufa, def ko
fara biir këram, dénk ko saytub kër ga, ba
teg ciy loxoom lépp lu mu moom.
5 Boobee waayi Misra ja dénkee Yuusufa
këram ak lépp lu mu moom, mu di ko
saytu, ca la Aji Sax ji dale barkeel këram,
barkeelaale mboolem lu mu moom, kër ak
tool.
6 Mu daldi bàyyi lépp ci loxol Yuusufa, te
li mu fa nekk tax ba toppatootul dara ciy
mbiram, lu moy li muy lekk rekk.

### *Soxnas Potifaar fexeel na Yuusufa*

Booba Yuusufa ku jekkoon bind la te
góorayiw.
7 Mu am bés nag soxnas sangub Yuusufa
ba xemmem Yuusufa, daldi ne ko: «Kaay
tëdd ak man.»
8 Teewul Yuusufa bañ, ne soxnas sang
ba: «Déglul, sama sang da maa jébbal lépp,
ba toppatootul dara ci kër gi.
9 Ëpplewu ma sañ-sañ ci biir kër gi, te
aayewu ma lenn xanaa yaw, ndax
soxnaam nga. Kon léegi nu may mana defe
ñaawtéef wu réy wu ni tollu, di moy Yàlla?»
10 Ba loolu amee bés bu Yàlla sàkk mu di
ko wax Yuusufa, te dégluwu ko, wéetul ak
moom sax, bay tëdd ak moom.
11 Mu am bés Yuusufa dugg ca kër ga, di
def liggéeyam, te kenn ci surga yu góor ya
nekku fa.
12 Ndaw si jàpp ci mbubb mi, ne ko:
«Kaay tëdd ak man.» Yuusufa nag wacc
mbubb ma cay loxoom, daw génn kër ga.
13 Ndaw si gis mbubb, mi mu ko wacce,
ba daw génn,
14 mu woo surgay kër ga, ne leen:
«Xoolleen, Ebrë sii sama jëkkër indi ci kër
gi, mu di nu yab. Dafa ñëw, bëgg maa
tëdde, ma yuuxu ca kaw.
15 Naka laa yuuxu ca kaw, mu wacce ma
mbubbam, daw génn.»
16 Ba mu ko defee ndaw si denc mbubb
ma, ba sangub Yuusufa ba ñibbisi,
17 mu nettalee ko ko noonu ne ko:
«Jaamu ebrë, bi nga indi ci kër gi de, da
maa fekksi, di ma sàkku.
18 Naka laa yuuxu ca kaw, mu daw génn,
wacce ma mbubbam.»

### *Tëj nañu Yuusufa kaso*

19 Sang bi dégg li ko soxnaam wax ne
moom la ko jaamam def, mu mer lool,
20 ba jàpp Yuusufa, tëj ko kaso ba ñuy
denc ñi buur jàpp. Yuusufa nekk foofa ca
kaso ba.
21 Teewul Aji Sax ji ànd ak Yuusufa,
laaye ko biir, daldi xiir wattukatu kaso ba
ca moom, mu yéwéne ko.
22 Ci kaw loolu mu may Yuusufa, mu
yilif ñi ñu tëj ñépp, te mboolem lu ñu fay
def, mu di ko jiite.
23 Wattukat ba seetatuloon dara lu
Yuusufa jiite, ndax Aji Sax jee ànd ak
moom, te lu mu sabablu, Aji Sax ji may ko
ca ndam.

# 40

### *Yuusufa firi na ñaari gént*

1 Ba loolu wéyee kiy toppatoo naani
buuru Misra ak kiy lakki mburoom dañoo
tooñ buuru Misra, seen sang.
2 Firawna nag mere lool ñaari jawriñ
yooya, kenn ka di kilifay ñay toppatoo
naani buur, ka ca des di kilifay ñiy lakk
mburu ya,
3 ba tax mu tëj leen ca kër kilifag
wattukat ba, ca kaso ba ñu tëj Yuusufa.
4 Kilifag wattukat ya teg leen ca loxol
Yuusufa, mu di leen toppatoo.
Ba ñu nekkee ab diir ca kaso ba,
5 jawriñi buuru Misra, ya ñu tëj, muy
ñaar ña féetewoo naani buur ak mburoom,
dañoo géntandoo ci genn guddi, gént gu ci
nekk ak li muy firi.
6 Yuusufa xëy, fekk leen ñu jaaxle.
7 Mu laaj jawriñi Firawna, yooyee ñu
tëjandoo woon ak moom ca kër sangam, ne
leen: «Lu leen tax ne yogg tey?»
8 Ñu ne ko: «Ay gént daal a nu dikkal, te
amunu ku nu koy firil.» Yuusufa ne leen:
«Xanaa du Yàllaa moom piri? Nettalileen
ma seeni gént rekk kay.»

9 Jawriñ bay toppatoo naanu buur daldi
nettali géntam Yuusufa, ne ko: «Ci gént gi,
garabu reseñ laa gis ci sama kanam,
10 mu def ñetti car. Naka la focci rekk,
gaawa tóor, cëgg ya meññ reseñ ju ñor.
11 Maa ngi téye nii kaasu Firawna ci
sama loxo, jël reseñ ji nag, nal ko ci kaasu
Firawna, ba noppi teg kaas bi ci loxol
Firawna.»
12 Yuusufa ne ko: «Piri mi mooy lii: Ñetti
car yi, ñetti fan la.
13 Fii ak ñetti fan Firawna dina la siggil,
delloo la sa liggéey, ngay teg kaasu
Firawna ci loxoom, ni nga ko daa defe
naka jekk, ba nga yoree naanam.
14 Waaye ngalla boo delloo ca sa
teraanga, nanga ma geestu te dimbali ma,
waxal ma Firawna lu jëm ci man, ba man
maa génne fii.
15 Ndax man kat dañu maa sàcce ca
réewum Ebrë ya, te fii itam, defuma fi lu
tax, ñu war maa tëj.»
16 Kilifag ñiy lakk mburu ya nag gis ne
piri mi neex na, mu ne Yuusufa: «Man it
sama gént gi, xam nga lu ma ci gis? Ñetti
pañey mburu mu weex laa yenu,
17 ba féete kaw a nga yeb mboolem xeeti
mburu yu ñuy lakkal Firawna, picc yaa
nga koy for ca pañe, ba ma yenu.»
18 Yuusufa ne ko: «Piri mi mooy lii: Ñetti
pañe yi, ñetti fan la.
19 Fii ak ñetti fan Firawna dina la siggil,
ba noppi wékk la ci bant, picc yi ñëw, di for
sa suux.»
20 Ñu teg ca ñetti fan, Firawna di
baaxantal bésu juddoom. Mu dajale
jawriñam yépp, di leen berndeel, daldi cay
seppee kilifa gay toppatoo ay naanam, ak
kilifag ñiy lakk mburu ya, siggil leen.
21 Mu delloo nag kilifa gay toppatoo ay
naanam ca liggéeyam, mu teg kaas ba ca
loxol Firawna.
22 Kilifag ñiy lakk mburu ya moom, da
koo wékk ci bant, na leen ko Yuusufa firile
woon.
23 Waaye kilifa, ga yore naani Firawna,
xalaatul sax Yuusufa, da koo fàtte.

# 41

## *Firawna gént na*

1 Ñaari ati lëmm wees na gannaaw loolu,
gént dikkal Firawna, mu jeneer taxaw ca
wetu dexu Niil.
2 Mu gis juróom ñaari nag yu rafet te
suur génne ca dex ga, di for baraxi tàkk ga.
3 Mu dellu gis juróom ñaari nag yu ñaaw
te yooy topp ca ñoom, génne ca dex ga, làng
ak ñoom ca tàkk ga.
4 Nag yu ñaaw ya te yooy daldi lekk
juróom ñaari nag yu rafet ya te suur.
Firawna yewwu,
5 ba noppi nelawaat, dellu gént, gis
juróom ñaari gub* yu nangu te baax sax ci
benn gattax.
6 Gannaaw ga, juróom ñaari gub yu gooy
yu ngelaw li lakk sax, tegu ca ya jiitu.
7 Ca la gub yu gooy ya wann juróom ñaari
gub yu nangu ya te baax. Gannaaw loolu
Firawna yewwu, xam ne gént la woon.
8 Ba bët setee, Firawna jaaxle lool, ba
woolu jabarkat yaak boroom xam-xami
Misra yépp, nettali leen la mu gént, te kenn
manu koo firil Firawna.
9 Ba loolu amee kilifa gay toppatoo
naani Firawna ne ko: «Man de tooñ naa te
dinaa la ko wax tey.
10 Sang bi, ba nga nu meree, yaw
Firawna, ba tëj ma kaso ca kër njiitu dag
ya, man ak kilifag ñiy lakk mburu ya,
11 genn guddi danoo géntandoo, man ak
moom, gént gu ci nekk ak la muy firi.
12 Fekk amoon na waxambaanew ebrë
wu fa nekkoon ak nun, te doonoon
jaamub njiital dag ya. Nu nettali ko sunuy
gént, muy firil nu ko, wax nu, ku nekk la sa
gént di tekki.
13 Te na mu nu ko firile woon, na la ame:
delloo nañu ma sama liggéey, ka ca des ñu
wékk ko ci bant.»

## *Yuusufa firi na génti Firawna*

14 Ba Firawna déggee loolu, dafa woolu
Yuusufa. Ñu gaaw tijji ko, mu watu, solu,
doora wuyuji Firawna.
15 Firawna ne Yuusufa: «Damaa gént, te
kenn manu koo firi, te ma dégg ñuy wax ci
yaw naan, gént goo dégg rekk, xam ko, ba
man koo firi.»
16 Yuusufa ne ko: «Du ci man de, waaye
Yàlla mooy baaxe Firawna pirim jàmm.»

* **41.5** ***gub*** yi ñuy wax fii, bele la woon.

17 Firawna ne Yuusufa: «Damaa gént,
taxaw ci tàkkal dexu Niil,
18 ma gis juróom ñaari nag yu suur te
rafet génne ca dex ga, di for baraxu tàkk ga.
19 Ma dellu gis yeneen juróom ñaari nag
yu ràgg, ñaaw te yooy génne ca dex ga, topp
ci ñoom, di yu ñaaw, ba masumaa gis lu ni
mel ci Misra.
20 Noonu yu yooy ya te ñaaw daldi lekk
juróom ñaari nag, ya njëkkoona feeñ te
suur.
21 Waaye bi ñu leen lekkee ba noppi,
itam dafa mel ni lekkuñu leen, ndax
terewuleena mel na woon. Booba laa
yewwu,
22 ba noppi dellu gént, gis juróom ñaari
gub yu fees te baax sax ci benn gattax.
23 Gannaaw ga, ma gis juróom ñaari gub
yu gooy yu ngelaw li lakk, sax tegu ca ya
jiitu.
24 Gub yu gooy ya nag wann juróom ñaari
gub yu baax ya. Nettali naa ko jabarkat yi,
waaye kenn ci ñoom manu ma koo firil.»
25 Yuusufa ne Firawna: «Sa ñaari gént yi
de, sang bi, ñoo bokk piri. Sang bi, Yàlla da
laa xamal li muy def ëllëg.
26 Juróom ñaari nag yu baax yi, juróom
ñaari at la. Te it juróom ñaari gub yu baax
yi, juróom ñaari at la. Muy genn gént gi.
27 Te itam juróom ñaari nag yu yooy, yi ci
topp te ñaaw, juróom ñaari at la. Naka
noonu juróom ñaari gub yu gooy yi ngelaw
li lakk, juróom ñaari ati xiif lay firi.
28 Mooy li ma la wax rekk, sang bu tedd
bi: li Yàlla di defi ëllëg la la won.
29 Nu ngi dëgmal juróom ñaari ati
naataange yu réy ci mboolem réewum
Misra.
30 Te juróom ñaari ati xiif a ciy topp, ba
ñu fàtte naataange gu réy ga amoon
réewum Misra. Xiif ba cay topp dina yàq
réew mi.
31 Xiif bi dina tax lenn luy nirook
naataange dootul des ci réew mi, ndax
dina metti lool.
32 Te nag, sang bi, gannaaw gént nga ko
ñaari yoon, kon Yàlla dogal na mbir mi, te
dina ko amal balaa yàgg.»
33 Yuusufa teg ca ne Firawna: «Kon léegi
sang bi, wutal nit ku muus te rafet xel,
jiital ko ci réewum Misra.
34 Te itam sang bi, dangay fal ay ndaw ci
réew mi, ñuy sàkku juróomi natt yu ne benn
ci mboolem lu ñu góobe réewum Misra
diiru juróom ñaari ati naataange yiy ñëw.
35 Ñoom nañu dajale mboolem dundi at
yu baax yi, te boole pepp mi ci sa ndigalu
bopp, yaw Firawna, muy dund bu ñuy
denc ci dëkk yi.
36 Dund booboy doon sàqu réew mi
diiru juróom ñaari ati xiif yiy dal ci réewum
Misra; su ko defee waa réew mi duñu loru
ci xiif bi.»

*Firawna fal na Yuusufa, mu jiite Misra gépp*

37 Pexe moomu nag doon lu Firawna aki
jawriñam yépp njort ne baax na.
38 Firawna daldi ne jawriñ ya: «Ndax
masees naa gis ku mel ni kii a waay, nit ku
Yàlla sol xelum boppam?»
39 Firawna wax ak Yuusufa ne ko:
«Ndegam Yàlla xamal na la lii lépp kay, leer
na ne amul kenn ku muus te rafet xel ni
yaw.
40 Kon dinaa la may, nga jiite kër buur,
te waa réew mépp ci sa waaw lañuy wéy;
jal bi ma toog doŋŋ laa lay sute.»
41 Gannaaw loolu Firawna neeti
Yuusufa: «Bés niki tey, dénk naa la réewum
Misra gépp.»
42 Ba loolu amee Firawna tekkee jaarob
màndargaal ba ca loxoom, takkal ko
Yuusufa, solal ko yérey tànnéef, takkal ko
caqu wurus,
43 ba noppi waral ko watiiru ku sës rëkk
ci moom Firawna, te fu mu ware ñu jiitu
ko, di yéene naan: «Sujjóotleen†!» Noonu la
ko Firawna fale, mu yilif Misra gépp.
44 Ci kaw loolu Firawna ne Yuusufa:
«Man maay Firawna, waaye
gannaaw-si-tey mboolem waa réewum
Misra, kenn du ci sañatee yékkati loxo
mbaa muy séqi jéego, te àndoo ci.»
45 Firawna nag tudde Yuusufa Cafnat
Paneya, may ko jabar Asnat doomu
Potifera ma doon sarxalkat ca dëkk ba ñuy
wax Oon‡. Yuusufa doxe ca tegoo
kilifteefu Misra gépp.

† **41.43** Baat bi ñu tekkee *sujjóotleen* man naa tekki itam *mayeleen aw yoon.* ‡ **41.45** ***Oon*** moo doon péeyu diiney ñiy jaamu jant ca Misra.

46 Ba Yuusufay tàmbalee liggéeyal
Firawna buuru Misra, mu ngi tollu ci
fanweeri at. Yuusufa daldi bàyyikoo ca
Firawna, wër réew ma mépp.
47 Diiru juróom ñaari ati naataange ya
suuf sa nangu, ba meññeef ma tuuru.
48 Mu dajale mboolem dundub réewum
Misra diiru juróom ñaari at yooyee, dëkk
bu nekk mu denc fa dund, ba jóge ca tool
ya ko wër.
49 Fa la Yuusufa jaare dajale pepp, mu
ne gàññ, ni suufas géej, ba tàyyeeti koo
waññ, ndax mujj na wees ab lim.
50 Laata ati xiif yay agsi, Yuusufa am na
ñaari doom yu góor ak Asnat doomu
Potifera, sarxalkat ba ca Oon.
51 Yuusufa tudde taaw ba Manase (muy
firi Ki ma taxa fàtte), ndaxte da ne: «Li ma
sonn ak li ma sore sama kër baay lépp,
Yàlla fàtteloo na ma ko.»
52 Doomam ja ca topp mu tudde ko
Efrayim (muy firi Giir), ndaxte da ne:
«Yàllaa ma giiral ca réew ma ma sonne.»
53 Ci kaw loolu juróom ñaari ati
naataange ya jeex ca réewum Misra,
54 juróom ñaari ati xiif ya tàmbali, na ko
Yuusufa waxe woon. Réew yépp nag nekk
ci xiif, waaye amul fu ñàkk dund ca Misra.
55 Ba waa Misra xiifee, dañoo dem
jooytuji dund ca Firawna. Mu wax ak
ñépp ne leen: «Demleen ca Yuusufa; lu mu
leen wax, defleen ko.»
56 Ba ñu demee, ba mititu xiif bi dajal
réew mépp, Yuusufa dafa ubbi denc yépp,
di jaay pepp mi waa Misra,
57 ba nit ñiy jóge fu nekk ci àddina, di
wutsi njël ci Yuusufa ndax xiif bu mettee
fépp ca àddina.

# 42

## *Magi Yuusufa ya dem nañu Misra*

1 Ba Yanqóoba yégee ne pepp am na
Misra, daa wax ay doomam yu góor, ne
leen: «Lu ngeen di toog, di xoolante rekk?»
2 Mu ne leen: «Dégg naa ne pepp am na
ca Misra. Demleen jëndali nu ca, ndax nu
mana dund, ba xiif bañ noo rey kay!»
3 Ci kaw loolu fukki magi Yuusufa ya
dem Misra, jëndi pepp.
4 Waaye Yanqóoba yebalul Beñamin,
rakku Yuusufa, ndax dafa ragal ne
musiba man na koo dab.
5 Doomi Israayil ñëw nag ci biir ñiy jëndsi
pepp, ndax xiif bi lawoon na ba Kanaan.
6 Fekk booba Yuusufa mooy dogal ca
réew ma, di jaay pepp waa réew mépp.
Magi Yuusufa ya ñëw, sujjóotal Yuusufa.

## *Yuusufa xupp na magam ya*

7 Naka la Yuusufa gis magam ya,
xàmmee leen, te mel ni ku leen xamul, di
wax ak ñoom kàddu yu dëgër ne leen: «Fu
ngeen jóge?» Ñu ne ko: «Réewu Kanaan
lañu jóge, di jëndsi ab dund.»
8 Yuusufa xàmmee na ay magam, waaye
ñoom xàmmeewuñu ko.
9 Xelum Yuusufa ne yarr ca la mu
géntoon ca ñoom, daldi ne leen: «Yeen ay
yëddukat ngeen, yuy nemmikusi mbóoti
réew mi.»
10 Ñu ne ko: «Mukk sang bi, danu lay
siyaare, di wutsi ab dund rekk,
11 te nun ñépp a bokk baay, di nit ñu
màndu; nun kay, sang bi, dunu ay
yëddukat.»
12 Mu ne leen: «Ahakay, nemmikusi
mbóoti réew mi moo leen taxa jóg.»
13 Ñu ne ko: «Nun ñii di la siyaare de,
fukki góor ak ñaar lanu woon, bokk sunu
baay, ba ca Kanaan. Ka ca gën di xalee nga
ca sunu baay, te ka ca des nekkatul.»
14 Yuusufa ne leen: «Li ma leen wax moo
am, ay yëddukat doŋŋ ngeen.
15 Waaye nii laa leen di seetloo: bu seen
rakk ñëwul, giñ naa ci bakkanu Firawna
ne, dungeen fi jóge.
16 Na kenn ci yeen jëli seen rakk, ñu tëj
ñi ci des te topp seen wax, ba xam ndax
yeena ngi ci dëgg. Su dul dëgg, giñ naa ci
Firawna ne ay yëddukat doŋŋ ngeen.»
17 Mu tëj leen ñetti fan.
18 Ca gannaaw ëllëg sa Yuusufa ne leen:
«Bu ngeen defee lii may wax, dingeen
dund, ndax man ragal naa Yàlla.
19 Ndegam ñu màndu ngeen, na leen
kenn ci seen doomi baay wuutu fii, ñi ci
des dem yóbbul pepp seen waa kër, yi nekk
ci xiif.

20 Waaye nangeen ma indil seen rakk, ba ma xam ne li ngeen wax dëgg la; su ko defee dungeen dee.» Ñu daldi ne: «Waaw,»

21 te naa ci seen biir: «Céy su nu yégoon, sunu àqu rakk a nu topp nii, ndax danu koo seetaanoon, mu nekk ci njàqarey xol, di nu tinu, te faalewunu ko; looloo waral sunu njàqarey tey jii.»

22 Ruben nag àddu ne leen: «Ndax newuma leen woon: "Buleen gàddu bakkanu xale bi," waaye faalewuleen ma; tey rekk la nu Yàlla doon xaare bakkanam, bi nu gàddu.»

23 Ba ñuy wax loolu, foogoon nañu ne Yuusufa déggul seen làkk, ndax làppato, ba doxoon seen diggante, di tekki.

24 Ci biir loolu mu dummóoyu leen, di jooy. Bi mu jooyee ba noppi, mu walbatiku, wax ak ñoom, doora jël Simeyon, jéng ko ci seen kanam.

## *Doomi Yanqóoba ya dellu nañu Kanaan*

25 Gannaaw loolu Yuusufa joxe ndigal, ñu sol seeni saaku pepp, te ku nekk ca ñoom, ñu yebal ko xaalisam ca saakoom, ba noppi mayaale leen lu ñu lekk ca yoon wa. Ñu defal leen noonu.

26 Ba mu ko defee ñu sëf seeni mbaam pepp ma, daldi fay bàyyikoo.

27 Fa ñu dal ca guddi, kenn ci ñoom bëgga xont mbaamam, ubbi saakoom rekk, ne pemm ci xaalisam.

28 Mu ne doomi baay ya: «Delloo nañu ma sama xaalis, mu ngi nii ci sama saaku.» Seen fit ne tërit, ñuy rag-ragi, ku ne xool sa moroom, naan: «Lu nu Yàlla nattoo nii?»

29 Ba ñu yeggee ca seen baay Yanqóoba ca réewu Kanaan, daldi koy nettali li leen dal lépp, ne ko:

30 «Waa ja yilif réew ma dafa noo résëti, foog ne danuy yëddusi réew ma.

31 Nu ne ko: "Nun ay nit ñu màndu lanu, dunu ay yëddukat;

32 fukki góor ak ñaar lanu woon yu bokk sunu baay, waaye kenn ka nekkatul, te ka gën di xalee nga fa sunu baay, ba ca réewu Kanaan."

33 Waa ja yilif réew ma ne nu: "Ni may xame ne ñu màndu ngeen, nii la: dangeen may bàyyeek kenn ci yeen, te dem yóbbul dund seen waa kër, yi nekk ci xiif;

34 su ko defee ngeen indil ma seen rakk ju ndaw, kon dinaa xam ne dungeen ay yëddukat waaye nit ñu màndu ngeen, te dinaa leen delloo seen mbokk, ngeen mana dem fu leen neex ci réew mi."»

35 Naka la ku nekk sotti saakoom, ne jàkk ca mbuusu xaalisam. Ba ñu gisee mbuusi xaalis ya, ñoom ak seen baay, dañoo tiit.

36 Seen baay Yanqóoba ne leen: «Xañ ngeen ma ay doom: Yuusufa nekkatul, Simeyon nekkatul, léegi ngeen bëgga jël Beñamin, yóbbu. Loolu lépp ci sama kaw; ngalla man!»

37 Ruben wax ak baayam ne ko: «Su ma la ko delloosilul, boo yeboo reyal sama ñaari doom yu góor yi. Tegal Beñamin ci sama loxo rekk, man dinaa la ko delloosil.»

38 Ci kaw loolu Yanqóoba ne: «Sama doom daal, du ànd ak yeen, ndax magam faatu na, te moom rekk a des. Su ko musiba dabee ci yoon wi ngeen jëm, dingeen ma yóbbe naqar wu may jàpp, ba kera may ànd ak sama bijjaaw, tàbbi njaniiw.»

# 43

## *Magi Yuusufa ya yóbbu nañu Beñamin*

1 Gannaaw loolu xiif bi metti ca réew ma.

2 Ba ñu lekkee pepp mi ñu jële woon Misra, ba mu jeex, seen baay ne leen: «Delluleen, wutali nu dund.»

3 Yuda ne ko: «Waa ja da noo artu woon de, wax na nu ne: "Dootuleen jàkkaarlook man te ànduleen ak seen rakk."

4 Boo bàyyee sunu rakk, mu ànd ak nun nag, dinanu dem jëndali la dund.

5 Waaye boo ko bàyyiwul kat, dunu dem, ndax waa ja waxoon na nu ne: "Dungeen jàkkaarlook man te seen rakk àndul ak yeen."»

6 Israayil ne leen: «Ana lu waral ngeen di ma lor, naan waa ja am ngeen jeneen rakk?»

7 Ñu ne ko: «Waa ja kat da nu doon laaj aka laajaat ci nun ak sunuy bokk, ba naa nu ndax sunu baay mu ngi dund ba tey, ak ndax am nanu rakk. Nun itam nu wax ko

li mu nu laaj. Géntunu woon moos ne dina
nu sant, nu indil ko sunu rakk!»
8 La ca tegu Yuda ne Israayil: «Baay,
tegal ngóor si ci sama loxo, nu daldi dem,
ndax nu dund, baña dee, nook yaw ak
sunuy doom.
9 Dige naa sama bakkan; boo yeboo laaj
ma ko. Bu ma la ko delloosilul, ba teg ko fi
sa kanam, maa koy gàlloo ba kera may dee.
10 Bu nu yeexuloon ba léegi, manoon
nanoo dem ba délsi ñaari yoon sax.»
11 Seen baay Israayil nag ne leen:
«Ndegam manula ñàkk, dangeen di def nii:
Sàkkleen ci ngëneeli réew mi, yeb ci seeni
saaku, yóbbul waa ja lu mel ni tuuti diwu
yaram ak lem ak cuuraayu xas ak
cuuraayu ndàbb ak ay xeeti saal*.
12 Te ngeen yóbbaale ci xaalis lu tollook
ñaar-cay la ngeen jënde woon, ngir feyaale
loola, ndax jombul njuumte la woon.
13 Su ko defee ngeen ànd ak seen rakk,
fabu dellu ca waa ja.
14 Yal na Yàlla Aji Man ji def waa ja yërëm
leen, ba bàyyi seen doomu baay ba, moom
ak Beñamin itam. Man nag, su ma naree
ñàkk ay doom—aa! Naa leen ñàkk rekk.»

### *Magi Yuusufa ya dellu nañu Misra*

15 Gaa ña jël nañu sarica booba, yóbbaale
nañu it ñaar-cay xaalis ba, daldi ànd ak
Beñamin, ñu dem Misra, teewi ca kanam
Yuusufa.
16 Ba Yuusufa gisee Beñamin ànd ak
ñoom, dafa wax fara biir këram, ne ko:
«Yóbbul gaa ñi ca kër ga, te nga rey gàtt,
defar ko, ndax maak ñoom nooy bokk añ
tey.»
17 Waa ja def la ko Yuusufa wax, yóbbu
gaa ña kër Yuusufa.
18 Ñu am nag tiitaange ndax li ñu leen
yóbbu kër Yuusufa. Ña ngay xalaat naan:
«Boo demee, xaalis bi ñu yeboon ci sunuy
saaku yoon wu njëkk wa, moom lañu bëgga
taafantoo, dugal nu fii, ba song nu, jàpp nu
jaam, nangu sunuy mbaam, boole ci.»
19 Ba ñu demee ba ca buntu kër Yuusufa,
wax nañu ak fara biir këram.
20 Ñu ne ko: «Sang bi baal nu, nun de
ñëwoon nanu fi lu jiitu ngir jëndsi dund,
21 waaye ba nu dalee ca yoon wa, danoo
ubbi sunuy saaku, ku nekk ci nun fekk
xaalisam ca kaw, mu tollu na mu tollu
woon, te indiwaat nanu ko.
22 Te it indaale nanu xaalis bu nu jënde
dund. Waaye xamunu ku delloo xaalis ba
ci sunuy saaku.»
23 Mu ne leen: «Jàmm rekk la; buleen tiit,
seen Yàlla, jiy seen Yàllay baay, moo leen
defal alal ci seeni saaku. Seen xaalis jot
naa ci.» Ci kaw loolu mu génne Simeyon,
indil leen ko.
24 Waa ja dugal leen kër Yuusufa, may
leen ndox ñu jàngu, ba noppi xont seeni
mbaam.
25 Ba mu ko defee ñu yebbi seeni sarica,
bala Yuusufaa agsi ca digg bëccëg, ndaxte
dégg nañu ne foofa lañuy añe.
26 Ba Yuusufa wàccsee, ñu jébbal ko foofa
ca biir kër ga sarica, ba ñu ko indaaleel,
daldi koy sujjóotal.
27 Mu nuyoo ak ñoom, ba noppi laaj leen
ne leen: «Seen baay bu màggat, ba ngeen
doon wax, mbaa mu ngi dund? Mbaa mu
ngi ci jàmm?»
28 Ñu ne ko: «Sunu baay mu ngi dund,
sang bi, te mu ngi ci jàmm.» Ña nga koy
sukkal tey sujjóotati.
29 Naka la Yuusufa ne gees, gis Beñamin
rakku doomu ndeyam ja. Mu laaj leen ne
leen: «Ndax kii mooy seen rakk, ji ngeen
ma doon wax?» La ca tegu mu ne rakkam
ja: «Sama ngóor si, yal na la Yàlla defal yiw
waay!»
30 Ci kaw loolu Yuusufa gaaw génn ndax
yaram wu daw, te manatula téye ay
rongooñam ndax rakkam ja, mu dugg
néegu biiram, di jooy.
31 Ba mu noppee, sëlmu, génn, doora ànd
ak sagoom, daldi joxe ndigal, ne: «Taajleen
añ bi.»
32 Loolu wees ñu may Yuusufa moom
rekk; ber doomi baayam ya. Waa Misra ña
fa doon lekke it, ñu beral leen seen ndab,
ngir waa Misra daawuñu bokk ak Ebrë yi
lekk, ndax mbañ la fa woon.
33 Ña nga toog, na mu leen ko sante,
taaw ba fegge wet, ni ko ko céru taaw
maye, ñu sësaloo, na ñu toppantee ciy at,

* **43.11** ***ay xeeti saal*** lañu, yu ñuy wax pistaas ak amànd.

ba ca caat ma. Gaa ñaa nga yéemu, di
xoolante.
34 Mu sàkkal leen ca ndabam, te Beñamin
ëpple ku ci nekk juróomi yoon. Ñu bokk
nag naan a naan, ba seen xol sedd.

# 44

## *Yuusufa nattu na ay magam*

1 Ba loolu wéyee mu sant fara biir këram,
ne ko: «Solal seeni saaku pepp lu ñu mana
àttan, te nga delloo ku nekk xaalisam,
tegal ko ko ca buntu saakoom.
2 Waaye sama kaasu xaalis boobee,
yebal ko ki gën di xale ci saakoom, boole
ko ak xaalisu peppam.» Mu def la Yuusufa
wax.
3 Ca ëllëg sa, ba jant bay fenk, yiwi nañu
gaa ña, ñu sëf seeni mbaam, dem.
4 Naka lañu génn dëkk ba, te soreeguñu
sax, Yuusufa sant fara biir këram, ne ko:
«Gaawal dab gaa ña, te boo leen dabee, wax
leen ne leen: “Lu tax ñu ji leen ngor, ngeen
feye ngoreedi?
5 Ndax li ngeen jël du sama kaasu sang,
bi muy naane, rawatina di ko gisaanee?
Lu ñaaw ngeen def nii!”»
6 Mu daldi leen dab, wax leen loolu.
7 Ñu ne ko: «Kilifa gi, looy wax nii? Nun
de, sang bi, jomb nanu loolu!
8 Xaalis bi nu fekkoon ci sunu bunti
saaku sax, danoo àndaat ak moom, jóge ba
Kanaan, delloosil la ko, kon nan lanu
mana sàcce sa kër sang xaalis mbaa
wurus?
9 Ngalla kilifa gi, yaay sunu sang; koo ko
fekke ci nun rekk, boo yeboo reyal, ñi des
ci nun doxe fa, di say jaam.»
10 Mu ne leen: «Li ngeen wax yoon la
sax, waaye na ki ma ko fekke doŋŋ di
sama jaam, su ko defee ñi ci des wàcc.»
11 Ñu gaaw nag, wàcce seeni saaku ci
suuf, ku nekk ubbi saakoom.
12 Ma ngay seet, tàmbalee ca taaw ba, ba
ca caat ma, doora fekk kaas ba ca saaku
Beñamin.
13 Ba loolu amee daños torox, ba xotti
seeni yére, ku nekk sëfaat mbaamam, ñu
dellu ca dëkk ba.

## *Yuda tinul na Beñamin ca Yuusufa*

14 Yuda aki doomi baayam nag délsi kër
Yuusufa, fekk demagul. Ñu daldi ne
nërëm, dëpp seen jë fi suuf.
15 Yuusufa ne leen: «Li ngeen def nag?
Xanaa xamuleen ne nit ku mel ni man day
gisaane?»
16 Yuda ne: «Sang bi, lu nuy waxati? Lu
nu mana lay, ba setal sunu bopp? Yàllaa
nu feeñal, sang bi. Nanu bokk nun ñépp di
say jaam, yem ci kepp ak ki ñu fekk kaas bi
ci loxoom.»
17 Mu ne leen: «Jomb naa loolu. Ki ñu
fekk kaas bi ci loxoom mooy doon sama
jaam; ñi ci des dellu ca seen baay ci jàmm.»
18 Yuda jegesi ne ko: «Ngalla sang bi, ma
ñeme laa diis lenn rekk, te sa xol baña tàng
ci man, doonte yaak Firawnaa tolloo.
19 Sang bi, danga noo laajoon ne nu:
“Ndax am ngeen baay walla rakk?”
20 Ba mu ko defee nu ne la: “Am nanu
baay bu màggat. Sunu rakk, ji mu jur te
fekk ko di màggat nag, moo ci gën di ndaw.
Magam dafa dee, mu des moom doŋŋ ci
ndeyam, baayam sopp ko lool.”
21 Nga waxoon nu ne nu: “Indilleen ma
ko, ngir ma gisal ko sama bopp.”
22 Ci kaw loolu, sang bi, nu wax la ne:
“Xale bu góor bi manula tàggook baayam.
Bu tàggoo ak moom, kon baayam dina
dee.”
23 Nga wax nu ne nu: “Bu seen rakk
àndul ak yeen, dungeen jàkkaarlook man.”
24 Booba lanu dem ca sunu baay ba lay
siyaare, daldi koy jottali say kàddu.
25 «Ba nu demee ba mu yàgg, sunu baay
ne: “Delluleen, jëndali nu tuuti dund.”
26 Teewul nu ne: “Dunu mana dem te
sunu rakk àndul ak nun, ndaxte bu nu
àndul ak moom, dunu gis kilifa ga.”
27 Sunu baay ba lay siyaare, ne nu:
“Xam ngeen ne damaa amul ak sama
soxna lu dul ñaari doom.
28 Kenn ki dem, wacc ma, ma ne moom
kay, aw rabu àll a ko daggate! Gisaatuma
ko ba tey jii.
29 Te bu ngeen ma fi jëlalee kii itam, ba
musiba dab ko, dingeen ma yóbbe naqar
wu may jàpp, ba kera may ànd ak sama
bijjaaw, tàbbi njaniiw.”
30 «Léegi nag, bu ma ñibbee ca sama baay
ba lay siyaare, te àndunook xale bii muy

noyyee,
31 bu gisul xale bu góor bi ànd ak nun
ñibbisi—aa! Kon de dina dee, te dinanu
yóbbe sunu baay naqar, wu koy topp, ba
kera muy ànd ak bijjaawam, tàbbi njaniiw.
32 Gannaaw loolu it xasoon naa dige
sama bakkan, ndax damaa waxoon ne:
“Bu ma la ko delloosilul, maa koy gàlloo ba
kera may dee.”
33 Kon ngalla sang bi, bàyyi ma man ma
des fi di sa jaam, wuutu xale bi, te moom
mu dellu ànd aki magam ñibbi.
34 Ndax xawma nan laay delloo ca sama
baay te ànduma ak xale bi. Yàlla buma
fekke njekkar li ciy dal sama baay!»

# 45

## *Yuusufa xàmmiku na ay magam*

1 Ba loolu amee Yuusufa manatula téye
boppam, te surgaam yépp a nga teew. Mu
daldi àddu ne: «Xiddileen ma, yeen ñépp!»
Ñépp dem, ba benn jàmbur nekku fa, ba
Yuusufa di xàmmiku ay bokkam.
2 Mu ne yikkét, jooy jooy yu metti, waa
Misra di ca dégg, ba ca kër Firawna sax.
3 Yuusufa nag ne magam ya: «Man mii
maay Yuusufa! Mbaa sama baay a ngi
dund?» Magam ya nag manuñu koo tontu,
ndax booba njàqare jàpp na leen.
4 Yuusufa dellu ne ay magam:
«Jegeñsileen.» Ñu jegeñsi. Mu ne leen: «Man
maay Yuusufa, seen rakk, ji ngeen
jaayoon, ñu indi ma Misra.
5 Waaye buleen jaaxle tey, mbaa ngeen
di sikk seen bopp ndax li ngeen ma jaay,
ñu indi ma fi. Rawale ay bakkan moo tax
Yàlla yebal ma fi, ma jiitusi leen.
6 Ñaari at a ngii xiif baa ngi ci réew mi, te
fii ak juróomi at ci kanam, kenn du bey,
kenn du góob.
7 Yàlla da maa yebal, ma jiitusi leen, ba
rawale seen bakkan, dikke leen xettal gu
mag, ba seen askan baña fey.
8 Kon nag du yeena ma yebal fii, waaye
Yàllaa. Te moo ma jagleel, ma doon
cëslaayal Firawna, mel ni baay ci moom,
jiite këram gépp, boole ci yilif mboolem
réewum Misra.
9 «Gaawleen dellu ci sama baay te ne ko:
“Sa doom Yuusufa nee na: Yàlla fal na ma
kilifag Misra gépp; ñëwal fi man, nu mu
gëna gaawe.
10 Su ko defee nga dëkksi diiwaanu
Gosen, nekk ci sama wet, yaak say doom
ak say sët ak say gàtt ak say gétt ak
mboolem loo moom,
11 ndaxte des na juróomi ati xiif. Waaye
dinaa la fi yore, ba doo ñàkk dara, yaak sa
waa kër ak mboolem lu bokk ci yaw.”
12 Yeena gisal seen bopp, yeen ak sama
rakk Beñamin, ne man Yuusufa mii, maay
wax ak yeen.
13 Nettalileen sama baay ndam li ma am
ci Misra ak li ngeen gis lépp, te ngeen indi
sama baay, nu mu gëna gaawe.»
14 Mu laxasu Beñamin rakkam, daldi
jooy, Beñamin it laxasu ko, jooy.
15 Magam ña itam, mu fóon leen tey jooy.
Booba la magi Yuusufa ya doora wax ak
moom.

## *Firawna woo na Yanqóoba Misra*

16 Ba xibaar ba àggee kër Firawna, ñu
naan magi Yuusufa ñëw nañu, doonoon na
lu neex Firawna, moom aki dagam.
17 Firawna ne Yuusufa: «Waxal say mag,
ne leen: “Ni ngeen di def mooy nii: Sëfleen
seeni mbaam te dem réewu Kanaan,
18 jëli seen baay ak seeni njaboot, ngeen
ñëw fi sama wet. Dinaa leen jox suuf si gën
ci réewum Misra, ngeen di lekk li fi gëna
duuf.”»
19 Firawna dellu ne Yuusufa: «Am nga
ndigal itam ci wax leen ne leen: “Ni ngeen
koy defe nii la: Dangeen di jële ay watiir ci
réew mi, dem yeb ci seeni doom ak seeni
soxna, te ànd ak seen baay, ngeen ñëw.
20 Te buleen réccu alal ji ngeen di bàyyi
seen gannaaw, ndax li gën ci réewum
Misra yeena koy moom.”»
21 Ba loolu amee doomi Israayil def
noona. Yuusufa jox leen ay watiir ci
ndigalu Firawna, ak lu ñu lekk ca yoon wa,
22 mayaale leen ku ne mbubb mu rafet.
Waaye Beñamin moom, ñetti téeméeri dogi
xaalis la ko may, tegal ko ca juróomi
mbubb yu rafet.
23 Baayam nag, mu yóbbante ko fukki
mbaam yu góor yu sëf lay tànnéef ca Misra,
ak fukki mbaam yu jigéen yu sëf pepp ak

mburu, tegal ko ca lu mu dunde ca yoon
wa, buy ñëw.
24 Gannaaw loolu mu yiwi ay magam ne
leen: «Ngalla buleen xuloo ci yoon wi.» Ñu
daldi dem.
25 Booba lañu bàyyikoo Misra, dellu
réewu Kanaan ca seen baay Yanqóoba.
26 Ñu wax ko ne ko: «Ndekete Yuusufaa
ngi dund! Te sax mooy kilifag réewum
Misra gépp.» Ba Yanqóoba déggee loolu,
yaramam dafa dee goyy ca saa sa, ndaxte
gëmu leen.
27 Waaye ba ñu nettalee seen baay
Yanqóoba li Yuusufa wax lépp, te mu gis
watiir, yi Yuusufa yónnee, ngir jëlsi ko, ca
la xelam délsi.
28 Israayil daldi ne: «Moom kay na dund
rekk! Sama doom Yuusufaa ngi dund.
Man kay dinaa dem ba gis ko, bala ma fee
jóge.»

# 46

### *Yanqóoba dem na Misra*

1 Israayil nag dem, yóbbaale mboolem lu
bokk ci moom. Ba mu agsee Beerseba,
dafa sarxal Yàllay baayam Isaaxa.
2 Yàlla wax ak Israayil foofa ca guddi ci
biir gént ne ko: «Yanqóoba, Yanqóoba!»
Israayil ne ko: «Naam.»
3 Yàlla ne ko: «Man maay Yàlla, di sa
Yàllay baay. Bul ragala dem Misra, ndaxte
xeet wu réy laa fay sose ci yaw.
4 Man ci sama bopp maay ànd ak yaw
Misra, te na la wóor ne dinaa la delloosi, te
it Yuusufa moo lay doggali.»
5 Ba loolu amee Yanqóoba jóge Beerseba;
doomi Israayil boole seen baay ak seeni
doom ak seeni soxna, yeb leen ci watiir, yi
Firawna yónnee woon, ngir yóbbu leen.
6 Ña nga jiital seeni jur, daldi yóbbaale
seen alal, ja ñu ame réewu Kanaan. Noonu
la Yanqóoba deme Misra ànd ak njabootam
gépp,
7 yóbbaale doomam yu góor ya ak sëtam
yu góor ya ak doomam yu jigéen ya it, ñook
sëtam yu jigéen ya, ak mboolem ña
askanoo ca moom.

### *Ñii ñooy njabootu Yanqóoba gi ñëw Misra*

8 Waa kër Israayil, yi ñëw Misra te di
Yanqóoba aki doomam, seeni tur a di:
Ruben, taawub Yanqóoba.
9 Doomi Ruben yu góor di Enog ak Palu
ak Esron ak Karmi.
10 Doomi Simeyon yu góor di Yemuwel
ak Yamin ak Owàdd ak Yakin ak Cowar ak
Sawul, mi ndeyam di Kanaaneen.
11 Doomi Lewi yu góor di Gerson, Keyat
ak Merari.
12 Doomi Yuda yu góor di Er ak Onan ak
Sela ak Peres ak Sera, te Er ak Onan faatu
ca réewu Kanaan. Doomi Peres yu góor di
Esron ak Amul.
13 Doomi Isaakar yu góor di Tola ak
Puwa ak Yasub ak Simron.
14 Doomi Sabulon yu góor di Seredd,
Elon ak Yaxleel.
15 Góor ñooñoo xeetoo ci Leya, te
askanoo ci Yanqóoba ca Padan Aram,
gannaaw Diina miy doomam ju jigéen.
Boo boolee doomam yépp, góor ak jigéen,
ñuy fanweer ak ñett.
16 Doomi Gàdd yu góor ñoo di Cefon ak
Agi ak Suni ak Eccbon ak Eri ak Arodi ak
Areli.
17 Doomi Aser yu góor di Imna ak Yiswa
ak Iswi ak Berya, Sera di seen jigéen.
Doomi Berya yu góor di Eber ak Malkiyel.
18 Góor ñooñoo xeetoo ci Silpa, mi Laban
may Leya, doomam ju jigéen, te ñu
askanoo ci Yanqóoba, ñuy fukki bakkan ak
juróom benn.
19 Doom yu góor yi Rasel, soxnas
Yanqóoba, am nag ñoo di Yuusufa ak
Beñamin.
20 Yuusufa itam am Manase ak Efrayim
ca réewum Misra, seen yaay di Asnat
doomu Potifera, may sarxalkat ca dëkk ba
ñu naan Oon.
21 Doomi Beñamin yu góor ñoo di Bela ak
Beker ak Asbel ak Gera ak Naaman ak Exi
ak Ros ak Muppim ak Uppim ak Àrd.
22 Góor ñooñoo xeetoo ci Rasel, te
askanoo ci Yanqóoba, ñépp di fukki
bakkan ak ñeent.
23 Doomu Dan ju góor di Usim.
24 Doomi Neftali yu góor di Yàcceel ak
Gunni ak Yeccer ak Silem.
25 Góor ñooñoo xeetoo ci Bilaa, mi Laban
may doomam Rasel, te ñu askanoo ci
Yanqóoba, ñoom ñépp di juróom ñaari
bakkan.
26 Mboolem ñi ànd ak Yanqóoba, ñëw
Misra, muy ñi mu giir, te limaaleesul

soxnay doomi Yanqóoba ya, tollu nañu ci juróom benn fukki bakkan ak juróom benn.
27 Doomi Yuusufa yu góor, ya mu am Misra, tollu ci ñaar. Kon mboolem ña dem Misra te di waa kër Yanqóoba, tollu nañu ci juróom ñaar fukk.

*Yanqóoba gis na Yuusufa*

28 Yanqóoba dafa yebal Yuda, mu ànd ak Yuusufa, jiituji ko diiwaanu Gosen, mu fekki leen fa. Ñu daldi agsi Gosen.
29 Yuusufa nag waajal waruwaayam, dajeji ak baayam Israayil ca Gosen. Ba Yuusufa àggee ba ca moom, da koo laxasu, ne ñàpp ci kawam, jooy lu yàgg.
30 Israayil ne Yuusufa: «Léegi de, bu ma yeboo dee, gannaaw gisaat naa la, ngay dund.»
31 Ba mu ko defee Yuusufa wax ak doomi baayam ya ak waa kër baayam ne leen: «Maa ngi dellu yégali Firawna ne ko: “Samay bokk ak sama waa kër baay, ña nekkoon ca réewu Kanaan, ñëw nañu fi man.
32 Dafa di seeni góor ay sàmm lañu, ag jur lañu masa yar, te indaale nañu seen jur gu gàtt ak gu gudd ak mboolem lu ñu moom.”
33 Kon bu leen Firawna woowee, ne leen:
34 “Lan mooy seen liggéey?” ngeen ne ko: “Nun de sang bi, ag jur lanu masa yar, ba nuy gone ba tey, te noonu la ko sunuy maam daan defe.” Su boobaa, ngeen mana féetewoo diiwaanu Gosen, ndaxte waa Misra dañuy xof sàmm.»

# 47

*Yuusufa nuyole na ay bokkam Firawna*

1 Yuusufa daa dem ca Firawna, wax ko ne ko: «Sama baay ak samay bokk, jóge nañu Kanaan, ànd ak seen jur gu gàtt ak gu gudd ak mboolem lu ñu moom. Ña nga léegi ca diiwaanu Gosen.»
2 Fekk na Yuusufa tànn juróom ciy doomi baayam. Mu nuyole leen ak Firawna.
3 Firawna laaj doomi baay ya, ne leen: «Lan mooy seen liggéey?» Ñu ne ko: «Nun de sang bi, ay sàmm lanu naka jekk ca sunuy maam ba tey.»
4 Ñu teg ca ne ko: «Danoo ñëw ngir dal ci réew mi, ndaxte amalatunu sunu jur parlu, te xiif bi metti na ca réewu Kanaan. Moo tax sang bi, nu di la ñaan, nga may nu, nu dal foofa ca diiwaanu Gosen.»
5 Firawna wax ak Yuusufa ne ko: «Gannaaw sa baay ak say bokk ñëw nañu fi yaw,
6 réewum Misraa ngii ci sa kanam. Seetal fi gën ci réew mi, nga jox sa baay ak say bokk, ñu sanc. Bàyyi leen, ñu sanc Gosen, te bu ci amee ñu xareñ ci ñoom, nga dénk leen samay gétt.»
7 Gannaaw loolu Yuusufa ànd ak baayam ba fa Firawna, nuyole ko ak moom. Yanqóoba nuyu Firawna.
8 Firawna laaj Yanqóoba ne ko: «Aa, góor gi, xanaa war ngaa doon mag de!»
9 Yanqóoba wax Firawna ne ko: «Samay ati màngaan, ba ma ganee àddina ba tey de, mu ngi tollu ci téeméer ak fanweer (130), muy at yu gàtt te naqari, te it demuma bay tolloo ay at ak samay maam, ba ñuy màngaan ci àddina.»
10 Ba mu ko defee Yanqóoba ñaanal Firawna, bàyyikoo fa, daldi dem.
11 Yuusufa nag dalal baayam aki bokkam, dogal leen suuf sa gën ca réewum Misra ca diiwaanu Ramses, ni ko ko Firawna sante woon.
12 Ba loolu amee Yuusufa di dundal baayam aki bokkam, ak mboolem waa kër baayam, boole ca ña bootu ca ñoom.

*Lu jëm ci saytub Yuusufa ca xiif ba*

13 Ab dund amuloon fenn ca réew ma mépp, ndax xiif bu metti lool. Waa réewum Misra ak réewu Kanaan jeex tàkk ndax xiif ba.
14 Yuusufa nag dajalee ca pepp, ma mu jaay waa Misra ak waa Kanaan, mboolem xaalisu ñaari réew ya, yóbbu nag xaalis ba kër Firawna.
15 Ba ñu demee, ba xaalis amatul ca Misra ak ca Kanaan, waa Misra gépp ñëw fa Yuusufa ne ko: «Jox nu ab dund kay! Mbaa du danga nuy seetaan, nuy dee? Ndax xaalis amatul.»
16 Yuusufa ne leen: «Indileen seeni jur, ma wecci leen ko dund, ndegam amatuleen xaalis.»
17 Gannaaw loolu ñu indil Yuusufa seeni jur, Yuusufa jox leen ko pepp, wecci leen

ko seeni fas ak seeni gétti jur gu gàtt ak gu gudd ak seeni mbaam. At mooma jox na leen ab dund, mu wecci seen gétt gépp.

18 Ba at ma jeexee, ñu ñëwaat ca moom ca déwén sa ne ko: «Sang bi, dunu la nëbb ne amatunu dara, ndax xaalis bi jeex na, te jur gaa ngi ci yaw, dara nekkatu fi lu nu la mana jox lu moy sunuy jëmm ak sunuy tool.
19 Mbaa du danga nuy seetaan, nu bokk sànku ci sa kanam, nook sunu suuf? Ngalla boole nu jënde ab dund, nun ak sunuy suuf. Su ko defee nuy moomeeli Firawna, nun ak sunuy suuf. Te nga jox nu pepp mu nu dunde, lu ko moy kat nun dinanu dee, suuf si it dina booy.»

20 Yuusufa nag jëndal Firawna suufas Misra gépp, ngir waa Misra ya jaay ku ci nekk sa tool ndax xiif, ba leen jiital, ba Firawna mujj moom suuf si.
21 Waa réew ma ñoom, Yuusufa da leena def ay jaam ca Misra, gii wet ba gaa.
22 Bàyyiwul lu moy suufu sarxalkat ya, ndax Firawna jotoon na leena dogal ay cér, jagleel leen. Moo tax jaayuñu seeni suuf.

23 Yuusufa ne waa réew ma: «Léegi gannaaw jënd naa leen, ba Firawna moom leen, yeen ak seeni suuf, jiwoo ngii, demleen jiwi.
24 Bu nu àggee ci ngóob, juróom yu ngeen am dingeen ci jox Firawna benn, te féetewoo ñeenti cér yi des. Su ko defee ngeen génne ci jiwuy tool yi, li ci des ngeen dunde, yeen ak seen waa kër ak seeni doom.»
25 Ñu ne ko: «Sang bi, rawale nga nu! Te gannaaw laaye nga nu biir, nangu nanoo doon jaami Firawna.»
26 Noonu la Yuusufa tërale loola, def ko dogalu yoon ca suufu Misra, te loolooy wéy ba tey jii, juróomi céri meññeef mu ne, Firawnaay moom benn ba. Waaye suufi sarxalkat ya ca bokkul, Firawna amu ca dara.

## *Lu jëm ci ati Yanqóoba yu mujj ya*

27 Bànni Israayil sanc nañu réewum Misra ca diiwaanu Gosen. Am nañu fa alal, giir fa, ba yokku lool.

28 Yanqóoba nag nekk na fukki at ak juróom ñaar ca réewum Misra, ay atam yépp tollu ci téeméer ak ñeent fukk ak juróom ñaar (147).
29 Ba nga xamee ne àppu Israayil a ngay bëgga mat, dafa woolu doomam Yuusufa ne ko: «Ngalla waay dugalal sa loxo, mu ron sama lupp*, muy ngiñ ci yaw ne dinga jëflanteek man ci ngor ak worma: rikk, bu ma denc Misra.
30 Bés bu ma fekkijee samay maam, nanga ma jële Misra, denci ma ca seen xuntum bàmmeel.» Yuusufa ne ko: «Dinaa la defal li nga wax.»
31 Mu ne ko: «Giñal ma ko.» Yuusufa giñ ko, Israayil daldi sujjóot ca bopp lal ba.

# 48

## *Israayil ñaanal na Efrayim ak Manase*

1 Ba loolu wéyee ñu ne Yuusufa baayam dafa tawat, mu ànd ak ñaari doomam Manase ak Efrayim, seeti ko.
2 Ba ñu yégalee Yanqóoba ne doomam Yuusufaa koy seetsi, Israayil dafa dëgërlu, toog ca lal ba.
3 Yanqóoba ne Yuusufa: «Yàlla Buur bi feeñu woon na ma ca Lus ca réewu Kanaan, barkeel ma,
4 te wax na ma ne ma: “Dinaa la giiral, fulandi la, def la nga sos mbooloom xeet, te réew mii laay may ñi askanoo ci yaw, ñu moom ko fàww.”
5 Léegi nag sa ñaari doom yi nga am Misra, laata ma di la fekksi Misra, maa leen séddoo. Maay séddoo Efrayim ak Manase, ñuy samay doom, ni ma jure Ruben ak Simeyon.
6 Waaye doom yi nga am seen gannaaw yaa leen di féetewoo, ñuy wuyoo seen turi mag ci wàllu ndono.
7 Li tax ma def loolu mooy, bi ma jógee Padan di ñibbi, Rasel dafa faatu ca yoon wa ci sama kanam, ba nuy tollu ca réewu Kanaan, booba nu ngay dem, bay jub Efrata. Ma suul ko foofa, ca yoonu Efrata.» Efrata mooy Betleyem tey.
8 Ci kaw loolu Israayil gis doomi Yuusufa ya. Mu ne: «Ñii ñooy ñan?»

* **47.29 *dugal loxo ci ron lupp*** mooy li bànni Israayil daan dogale ngiñ.

9 Yuusufa ne baayam: «Ñii ñooy sama
doom, yi ma Yàlla jox fii.» Baayam ne ko:
«Nañu jegesi, ma ñaanal leen.»
10 Booba bëti Israayil dafa lëndëm, ba
gisatul ndax li muy mag. Yuusufa jegeñal
leen seen maam, mu fóon leen, taf leen ci
boppam.
11 Israayil nag ne Yuusufa: «Yaakaaruma
la woona gisati, ndeke Yàlla dina ma may
lu raw gis la, ndax gis naa say doom.»
12 Ca la leen Yuusufa wàccee fi ñu uufoo
ci seen maam, daldi dëpp jëëm ci suuf,
13 ba noppi Yuusufa taxawal leen ñoom
ñaar, ñu séq ko janook Israayil; loxol
ndijooram jàpp ci Efrayim, mu féete ak
càmmoñu Israayil, loxol càmmoñam jàpp ci
Manase, mu féete ak ndijooru Israayil. Ñu
ànd jegesi.
14 Israayil nag jàllawle ay loxoom, tàllal
ndijooram, teg ko ca kaw boppu Efrayim,
mi gën di ndaw; càmmoñam tege ca boppu
Manase, doonte mooy taaw.
15 Ma ngay ñaanal Yuusufa te naan:
«Yàlla ji samay waajur Ibraayma ak Isaaxa
toppoon,
moom Yàlla ji ma sàmm, ba ma juddoo ba
tey jii,
16 moom Malaaka mi ma musal ci bépp
loraange—
yal na barkeel xale yi,
ba ñu saxal sama tur
ak samay turi waajur, Ibraayma ak
Isaaxa,
te giir, ba ne gàññ ci kaw suuf.»
17 Ba Yuusufa gisee ne baayam ca boppu
Efrayim la teg loxol ndijooram, mu naqari
ko, mu daldi jàpp loxol baayam, bëgg koo
jële ca boppu Efrayim, teg ko ca boppu
Manase.
18 Yuusufa ne baayam: «Déet, baay,
ndax kii mooy taaw, tegal sa ndijoor ci
boppam.»
19 Teewul baayam lànk, ne ko: «Xam naa
ko, doom, xam naa ko. Moom itam dina
doon aw xeet tey doon ku màgg, waaye
rakkam a koy sut, te askanam dina law, ba
di ay xeet.»
20 Gannaaw loolu mu ñaanal leen keroog
ne leen: «Yal na Israayil di ñaane seeni tur
naan: “Yal na la Yàlla def ni Efrayim ak
Manase.”» Noonu la jiitale Efrayim, door
caa teg Manase.
21 Ba mu ko defee Israayil ne Yuusufa:
«Léegi man dinaa dee, waaye Yàlla dina
ànd ak yeen, ba delloo leen ca seen réewu
maam.
22 Man nag dinaa la may cér booy ëpple
say doomi baay, muy suuf su ma nangoo
sama saamar ak sama fitt ca Amoreen ña.»

# 49

### *Yanqóoba tàggoo na*

1 Gannaaw loolu Yanqóoba woo ay
doomam ne leen:
«Bokkleen daje, ma xamal leen li leen di
dikkal ëllëg.
2 Dajeleen te déglu ma, man Yanqóoba seen
baay;
teewluleen seen baay Israayil.

3 «Ruben, yaw mi ma taawloo,
nga sosoo sama digg doole, sama ndoortel
kàttan,
yaa ëpp moos ci fulla, sut ci doole.
4 Yaa toogadi it ni ndox muy wal-wali,
doo mujje sut,
nde yaa tëdd sa lalu baay,
ba teddadi, kera ba nga ca tëddee.

5 «Simeyon ak Lewi ñooy déeyoo yéene,
ñooy nas pexey ay.
6 Yàlla bu sama xol ànd ci seeni pexe,
mbaa sama xel di nangu seeni diisoo,
ndax fu ñu mere, xal faa bóome,
te làggal ay yëkk lañuy fowe.
7 Mbas ma seen xadar gu tar,
ak seen mer mi dul meddi.
Maa leen di wasaare ci kër Yanqóoba,
tasaare leen ci Israayil.

8 «Yaw Yuda, mi say doomi baay di taggeji,
ngay sëqi sa ndoddi noon, sëggloo leen,
sa doomi baay a lay sujjóotal.
9 Yuda yaa di gaynde gu mat, doom,
doora jóge nii ci pàdd,
tey yuug aka goor ni gayndeg sibi.
Yaa di gaynde gu deesul yee.
10 Nguur gi du jóge ci loxol njabootug
Yuda,
te yetu buur ay wéye sampe ciy tànkam,

* **49.10** pirim baatu *boroom am na ay wuute-wuute yu bare.*

li feek boroom* di ñëw,
ba xeet yi déggal ko.
11 Mooy yeew mbaamam cig reseñ,
cumbur ma féeteek car, ba ca gën;
muy fóote ay yéreem biiñ,
di sumb mbubbam ci ndoxum reseñ.
12 Bët yaa ngay nes-nesi ndax biiñ,
bëñ ya weex furr nim soow.

13 «Sabulon ay dëkke tefesi géej,
di teerub gaal yi, am réewam digalook
Sidon.

14 «Isaakar mbaam ngonk la,
muy goor diggante ñaari sëf.
15 Bu gisee ni mbaaram neexe,
ak ni réew mi naate,
day waaf, gàddu ngaaxam,
daldi féetewoo coonob njaam.

16 «Dan ay àtteji xeetam,
ni ko giiri Israayil baaxoo.
17 Waaye Dan ay jaan ju dog aw yoon,
mbaa céebi ciw ñall,
mooy màtt tànki fas,
gawar jullootu.

18 «Céy Aji Sax ji, maa ngi séentu sa xettal!

19 «Gàdd la gàngoor di gaw,
mu téqtal leen, ba daan.

20 «Aser ay boroom dund bu duun,
mooy maye ngëneeli ñami buur.

21 «Neftalee di kéwél gu fëx,
te mooy jur doom yu taaru.

22 «Yuusufaay bànqaasu garab,
garab guy meññ, feggook bëtu ndox,
car yaa nga law, tiim digu tool ba.
23 Ay fittkat a ko toŋal,
di ko song aka fitt.
24 Teewul xalaam ga di wéye daŋ,
te la loxo yay dëgërloo
mooy loxoy Jàmbaar ju Yanqóoba,
kookooy Sàmm bi, Doju cëslaayal Israayil,
25 mooy sa Yàllay baay, ji lay wallu,
mooy Aji Man ji lay barkeele
ca barkey asamaan ya fa kaw,
ak barke ya ne leww ca suuf xóote ya,
teg ca barkeb njur ak nàmpal.
26 Sa ñaani baay ya romb
xéewali tund ya sax fàww,
rombati ngëneeli jànji cosaan ya,
yal na dal ci boppu Yuusufa,
ca kaw ndaal boppam, moom sangub
doomi baayam ya.

27 «Beñamin ay till guy yeeroo,
di xëye yàpp rëbbam,
tey gonloo séddale am lëlam.»

28 Ñooñu ñoo sos mboolem giiri Israayil, ñu
tollu ci fukk ak ñaar, te loolu la leen seen
baay wax, ba mu leen di tàggu. Ku ci nekk
mu tàggoo ko kàdduy tàggatoo, ya war ca
moom.

### *Yanqóoba nelaw na*

29 Gannaaw loolu da leena dénk ne leen:
«Maa ngi waaja fekki samay maam;
dencleen ma fa samay maam ca xuntum
bàmmeel ba ca toolub Efron, Etteen ba.
30 Mooy xuntum bàmmeel ba ca biir tool
ba ca Magpela, te jàkkaarloo ak Mamre ca
réewu Kanaan, di tool ba Ibraayma jëndoon
ca Efron, Etteen ba, ngir def ko bàmmeel.
31 Foofa lañu denc Ibraayma ak
soxnaam Saarata, te foofa lañu denc
Isaaxa ak soxnaam Rebeka, te fa laa denc
Leya it.
32 Tool ba ak xuntum bàmmeel ba ca
nekk, ñu nga ko jënde ca Etteen ña.»
33 Naka la Yanqóoba dénku doomam yu
góor ya noona, daldi delloo ay tànkam ca lal
ba, bakkan ba rot, mu fekki ay maamam.

# 50

### *Yuusufa rob na Yanqóoba réewu Kanaan*

1 Ba mu ko defee Yuusufa daanu ci kaw
baayam. Ma ngay jooy te di ko fóon.
2 Ba loolu weesoo Yuusufa jox ay
fajkatam ndigal, ñu waajal baayam.
Fajkat ya waajal Israayil*.
3 Waaj ma am na ñeent fukki fan, ndaxte
loolooy waajal bu mat sëkk cib néew. Waa
Misra nag dëjal ko juróom ñaar fukki fan.

* **50.2** Fajkati waa Misra, ndàbb lañu daan waajale néew, ba du yàqu.

4 Ba dëj ba weesoo, Yuusufa dafa wax ak waa kër Firawna, ñaan leen ñu dimbali ko, waxal ko Firawna ne ko,

5 baayam da ne woon, mu ngi waaja dee, waaye bàmmeel ba mu yattaloon boppam ca xunt ma ca réewu Kanaan, na ko giñal ne dina ko denc foofa. Mu ne kon, na ko Firawna may, mu robi baayam te délsi.

6 Firawna may ko, mu robi baayam, na mu ko ko giñloo woon.

7 Yuusufaa ngay dem robi baayam, moom ak mboolem jawriñi Firawna ak magi këram ak mboolem kàngami Misra.

8 Ña nga ànd ak waa kër Yuusufa gépp ak ay doomi baayam ak waa kër baayam, bàyyiwuñu diiwaanu Gosen lu moy xale ya ak gàtt ya ak jur gu gudd ga,

9 ay watiir aki gawar topp ca, ñu def gàngoor gu réy.

10 Ba ñu agsee ca dàggay Ataat ja ca wàllaa dexu Yurdan, dañu koo jooy jooy yu réy te metti. Yuusufa dëjal fa baayam diiru juróom ñaari fan.

11 Waa réewu Kanaan, gis dëj ba ca dàggay Ataat, naan: «Dëju waa Misra bii aka réy!» Moo tax ñu tudde béreb booba ca wàllaa dexu Yurdan, Abel Misra (muy firi Dëju waa Misra).

12 Doomi Yanqóoba nag def la leen seen baay dénkoon,

13 yóbbu ko ca réewu Kanaan, daldi koy rob ca xunt ma ca toolub Magpela, te Ibraayma jëndoon ko ca Efron, Etteen ba, ngir def ko bàmmeel. Mooy tool ba jàkkaarloo ak Mamre.

14 Ba Yuusufa dencee baayam ba noppi, dafa dellu Misra, moom ak doomi baayam ya ak mboolem, ña mu àndaloon ca robu baayam.

## *Magi Yuusufa yaa ngi jéggalu*

15 Magi Yuusufa ya xam nañu ne seen baay nelaw na. Ña ngay wax ca seen biir naan: «Waaw, mbaa Yuusufa dencalu nu mer, nar noo fey sunu bor ndax lu bon li nu ko ji woon lépp?»

16 Boobu lañu yóbbante Yuusufa kàddu yii, di ko wax ne ko: «Sa baay dafa noo dénkoon, bala moo nelaw, ne nu:

17 Waxleen Yuusufa ne ko, sa baay nee: “Say mag def nañu la lu bon moos, waaye ngalla baal leen seeni tooñ ak àq ji ñu la ameel.” Kon rikk waay, baal nu àq, ndax nun nook sa baay a bokk jenn Yàlla ju nuy jaamu.» Ba ñu waxee Yuusufa loolu, mu daldi jooy.

18 Ci kaw loolu magam ya ñëwal seen bopp ba ca moom, sujjóotal ko ne ko: «Sang bi, nu ngi nii, di la siyaare.»

19 Yuusufa nag ne leen: «Buleen am dara lu ngeen di ragal. Xanaa maay Yàlla?

20 Dëgg la, fexeel ngeen ma lu bon, waaye Yàllaa ko walbati, def ko lu baax, ba dogal li am tey jii, muy bakkan yu bare yi mucc.

21 Kon nag buleen tiit, dinaa leen yor, yeen ak seeni doom.» Yooyu kàddu la dalale seen xol, ba ñu am jàmm.

## *Yuusufa nelaw na*

22 Yuusufa dëkk na Misra, moom ak waa kër baayam ñépp, ba tollu ci téeméeri atam ak fukk,

23 te gis na doomi Efrayim, ba gis sëti Efrayim sax; gis na it doomi Makir, mi Manase di baayam, te mu uuf leen bi ñu juddoo, ngir wone ne bokk nañu ci askanam.

24 Mu am bés Yuusufa ne ay bokkam: «Sama waxtu jege na, waaye Yàlla dina dikk, yéwéne leen moos, ba jële leen ci réew mii, yóbbu leen ca réew ma mu dige woon, ba giñal ko Ibraayma, Isaaxa ak Yanqóoba.»

25 Booba la Yuusufa wax doomi Israayil, ne leen: «Giñalleen ma ne bés bu Yàlla dikkee ba yéwéne leen, dingeen yóbbaale samay yax, waaye dungeen ma fi bàyyi.»

26 Gannaaw loolu Yuusufa nelaw ci téeméeri atam ak fukk. Ñu waajal néew ba, ba du yàqu, daldi koy yeb cib tàdd, denc ko foofa ca Misra.

# Muccug bànni Israayil

Yonent Yàlla Musaa moo wéyal jaar-jaari bànni Israayil, jële ko fa ko téereb *Njàlbéen ga* bàyyi woon, gannaaw ñeenti téeméeri at (400). Yàlla musal na bànni Israayil ca seen buumi njaam ci Misra, Musaa jiite leen, ba génne leen Misra.

Yàlla moo jox bànni Israayil ndigali yoon wi ca tundu Sinayi, Musaa jottali ko, muy li lal kóllëre gi mu fas, moom Yàlla ak bànni Israayil, ndax ci ñoom la nammoona amal digeem baak seen maam Ibraayma. Yàlla sant Musaa, mu defarlu ab xaymab ndaje, ne: «Foofa laay dajeek bànni Israayil, béreb ba doxe fa sell ndax samag leer. Maay sellal xaymab ndaje mi ak sarxalukaay bi, te Aaróona aki doomam, maa leen di sellal, ngir ñu doon samay sarxalkat. Maay dëkk fi digg bànni Israayil te maay nekk seen Yàlla ji leen génnee réewum Misra, ngir dëkk fi seen biir.» (29.43-46).

Ci tënk:

- Saar 1—18 Yàlla yiwi na bànni Israayil, génne leen Misra.
- Saar 19—24 Yàlla fasante na kóllëre ak bànni Israayil.
- Saar 25—40 Yàlla feeñal na màggaayam ak sellaayam ci xaymab ndaje mi ñu defar, ba noppi yékkati ko ci diggu dal bi.

*Bànni Israayil dem na réewum Misra*

1 Góor ñi seen baay di Yanqóoba, mi ñu
dippee Israayil, ñu àndoon ak moom, dem
Misra, te ku nekk yóbbaale waa këram,
seeni tur a di:
2 Ruben ak Simeyon ak Lewi ak Yuda
3 ak Isaakar ak Sabulon, ak itam
Beñamin;
4 ak Dan ak Neftali ak Gàdd ak Aser.
5 Góor ñi soqikoo ci Yanqóoba ñépp
juróom ñaar fukk lañu (70), bu ñu ci boolee
doomam, ji ñuy wax Yuusufa, moom ma
ñu fekk Misra.
6 Gannaaw ga, Yuusufaaki doomi
baayam yu góor yépp nelaw, ñook maas
googu gépp.
7 Bànni Israayil nag giir fa, law, di
fulandiwu, ba yokku lool, fees réew ma.

*Firawna noot na bànni Israayil*

8 Ñu dem ba jëmmi jamono, beneen buur
bu xamul Yuusufa falu ca Misra.
9 Mu wax ak waa réewam, ne leen:
«Giirug bànni Israayil kat ñu ngi nuy gëna
bare, ba ëpp nu doole.
10 Nanu ci sàkk pexe, ngir ñu bañatee
yokku. Lu ko moy bu xare amee, man
nañoo far ak sunuy noon, xeex ak nun, ba
rëcc, génn réew mi.»
11 Ba loolu amee ñu fal ay nit ñu leen di
ga ca seeni sas, di leen ca fitnaal lool.
Noonu la bànni Israayil tabaxale Firawna*
buuru Misra† dëkk ya ñu naa Pitom ak
Ramses, mu def ko ay dencukaayi dund.
12 Terewul lu ñu leen gëna fitnaal, ñuy
gën di fulandiwu, yokku, ba waa Misra am
njàqare ca bànni Israayil.
13 Waa Misra dañoo mujj di duggal bànni
Israayil ci njaam gu metti,
14 yen leen toskarey àddina ndax liggéey
yu metti. Ñuy móol ban, di tabax, waa
Misra teg ca sëf leen mboolem liggéeyu
tool ya. Néegoon nañu ca ñoom lool ca
mboolem liggéeyu njaam bu ñu leen sas.
15 Firawna buuru Misra teg ca wax ak
rewlikati Ebrë ya‡, te kenn ka tuddoon
Sifra, ka ca des di Puwa.
16 Mu ne leen: «Bu ngeen dee rewli
jigéeni Ebrë yi, nangeen xool lu xale bi
doon. Su dee góor, reyleen, su dee jigéen,
bàyyileen, mu dund.»
17 Teewul rewlikat ya ragal Yàlla, ba
defuñu la leen buur ba sant; xanaa ñu
bàyyi liir yu góor ya, ñu dund.
18 Buuru Misra woolu rewlikat ya, ne
leen: «Ana lu tax ngeen def lii, di bàyyi liir
yu góor yi, ñu dund?»
19 Rewlikat ya ne ko: «Li tax kay mooy,
jigéeni Ebrë yi dañoo niroowul ak jigéeni
waa Misra; ndax dañoo njaxlaf, ba bu
rewlikat yiy laata agsi, fekk ñu mucc ba
noppi.»
20 Bànni Israayil nag di fulandiwu, gëna
yokku, Yàlla defal rewlikat ya aw yiw,

* **1.11** ***Firawna*** turu pal la, ñeel bépp buuri Misra. † **1.11** ***Misra*** mooy réew mi ñuy wax Esibtë ba tey. ‡ **1.15** ***Ebrë*** tur la wu niti jamono jooja daan woowe xeet, ya bànni Israayil bokk.

21 may leen giir ndax seenug ragal Yàlla.
22 Gannaaw loolu Firawna sant waa
réew ma yépp, ne leen: «Mboolem doom ju
juddu ci Ebrë yi, di góor, sànnileen ca dex
ga, waaye lu ciy jigéen, bàyyileen, mu
dund.»

# 2

## *Musaa gane na àddina*

1 Jenn waay ju bokk ci giirug Lewi nag
moo jëloon janq* bu mu bokkal giir.
2 Ndaw sa ëmb, ba mujj am doom ju góor.
Ba mu gisee taar ba liir ba àndal, mu nëbb
ko lu mat ñetti weer.
3 Ba mu demee nag ba manatu koo nëbb,
mu wut pañe bu ñu ràbbe barax, fatte ko
godoroŋ ak ndàbb, yeb ca liir ba, daldi
dem, teg ko ca biir barax ba ca tàkkal dex
ga ñu naan Niil.
4 Xale bu jigéen bay magu liir ba ma nga
taxaw fu soreyaatoo ak liir ba, di xool, ba
xam nu muy mujje.
5 Ba mu ko defee doomu Firawna ju
jigéen dikk, di sangusi ca dexu Niil ga,
mbindaanam yay doxantu ca tàkk ga.
Noonu mu séen pañe ba ca biir barax ba,
daldi yónni mbindaanam, mu yót ko ko.
6 Naka la ko ne ubbet, yem ca xale ba,
muy liir bu góor, xale bay jooy; yaram wa
daw, mu ne: «Kii de ndeysaan, ci doomi
Ebrë yi la!»
7 Magu liir ba daldi ne ko: «Ndax ma dem
wutali la ku koy nàmpal ci Ebrë yi?»
8 Mu ne ko: «Waaw, demal.» Xale ba dem,
indil ko yaayu liir ba.
9 Doomu Firawna ne ko: «Yóbbul xale bii
te nàmpalal ma ko, maa lay fey.» Ndaw sa
jël liir ba, di ko nàmpal.
10 Ba xale ba màggee, mu yót ko doomu
Firawna, mu def ko muy doomam, tudde
ko Musaa (muy firi Ki ñu génne), ndax la
mu ko génnee ca ndox ma†.

## *Musaa gàddaayi na réewum Majan*

11 Ba ñu demee ba Musaa màgg, dafa am
bés, mu seeti bokkam ya, gis leen ca
liggéey yu metti ya ñu leen sas. Mu gis
jenn waayu Misra di dóor kenn ca bokki
Ebrë ya.
12 Musaa geestu wet gu nekk, gisul kenn,
mu rey waa Misra ja, daldi gas, suul ko.
13 Ca ëllëg sa mu dellu génn, yem ci ñaari
Ebrë yuy xeex. Musaa wax ak ka tooñ, ne
ko: «Lu tax ngay dóor sa moroom mii?»
14 Waa ja ne ko: «Ku la def kilifa mbaa
àttekat ci sunu kaw? Xanaa danga maa
nara rey, na nga reye woon waayi Misra
ja?» Musaa nag tiit, naan ca xelam: «Ndeke
mbir mi kay siiw na.»
15 Ba loolu amee Firawna dégg mbir ma,
di wuta reylu Musaa. Musaa daw, ba sore
Firawna, dem dali fu dend ak ab teen, ca
réewu Majan.
16 Yettro, sarxalkatu Majan ba nag,
amoon na juróom ñaari doom yu jigéen. Ñu
ñëw di rootsi, di duy mbalka ya ñuy wëgge
seen juru baay.
17 Ay sàmm agsi, dàq leen. Musaa wallu
jigéen ña, wëggal leen seen jur.
18 Ba ñu delloo ca seen baay Ruwel‡, mu
laaj leen ne leen: «Lu tax ngeen teela
ñibbisi tey?»
19 Ñu ne ko: «Ab waa Misra daal, moo nu
xettali ca sàmm ya; rootal na nu sax, ba
wëgg jur gi.»
20 Ruwel ne leen: «Ana waa ja? Lu tax
ngeen bàyyi ko fa? Woowileen ko, mu añsi
kay!»
21 Musaa far dal ca kër waa ja. Mu mujj
ko may doomam ju ñuy wax Cipora.
22 Mu am doom ju góor, Musaa tudde ko
Gersom (muy firi Doxandéem fii), ndaxte
dafa ne: «Doxandéem laa fii.»

## *Yàlla ñeewante na bànni Israayil*

23 Ba ñu demee ba mu yàgg, Firawna
buuru Misra dee. Fekk na bànni Israayil a
ngay binni rekk ndax seen njaam ga. Ñuy
woote wall, ba seen jooy ya sababoo ca
seen toroxteg njaam ga, àgg fa Yàlla.
24 Booba Yàllaa ngay dégg seeni yuux, te
fàttewul kóllëre ga mu fasoon ak Ibraayma
ak Isaaxa ak Yanqóoba.
25 Yàlla nag geesu bànni Israayil,
ñeewante leen.

* **2.1** ***janq*** ba, turam biral nañu ko ci *Mucc ga* 6.20. † **2.10** Mose baatu làkku Misra la bu neexoo ak masa, di baat biy tekki «génne» ci làkku ebrë. ‡ **2.18** ***Ruwel*** mooy Yettro ba tey.

# 3

1 Aji Sax ji yónni na Musaa ca Yettro, sarxalkatu Majan ba. Mu yóbbu jur ga fu sore ca màndiŋ ma, daldi agsi ca suufu tundu Yàlla wa* ca Xoreb.

2 Malaakam Aji Sax ja feeñoo ko foofa, melow sawara wuy tàkk, jafal fa ab gajj. Musaa xool, ndeke gajj ba bépp jàpp na, ba ne jippét, waaye lakkul.

3 Musaa ne: «Mbir mu yéeme mii daal, naa jàdd xool ko, ba xam lu tax gajj bi lakkul.»

4 Ba Aji Sax ji Yàlla gisee Musaa jàdd, di xoolsi, mu àddoo ca gajj ba, ne ko: «Musaa, Musaa!» Mu ne ko: «Maa ngii.»

5 Yàlla ne ko: «Bul jegesi, summil say dàll, ndax fii nga taxaw suuf su sell la.»

6 Mu teg ca ne: «Man maay sa Yàllay baay, di Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di Yàllay Yanqóoba.» Ca la Musaa nëbb kanam ga, ndax ragala xool Yàlla.

7 Aji Sax ji tegaat ca ne ko: «Gis naa bu baax fitna ji sama ñoñ nekke Misra. Dégg naa itam seen jooy ndax kilifay saskat yi leen di gétën ci liggéey, te ñeewante naa leen ngir seen coono.

8 Damaa wàcc, xettalisi leen ci waa Misra; génne leen réew moomu, ba yóbbu leen réew mu baax te yaatu, réew mu meew maak lem ja tuuroo, foofa ca diiwaanu Kanaaneen ña† ak Etteen ña ak Amoreen ña ak Periseen ña ak Eween ña ak Yebuseen ña.

9 Yuux, yi bànni Israayil nekke nii, agsi na ba ci man, te gis naa it ni leen waa Misra di noote.

10 Kon nag kaay, ma yónni la ca Firawna. Demal yiwiji bànni Israayil, sama ñoñ, ñu génn Misra.»

## *Musaa di leewaayu, Yàlla di ko ñaax*

11 Musaa ne Yàlla: «Waaw, waaye man tekkiwuma dara, bay dem ca Firawna, di génne bànni Israayil Misra.»

12 Mu ne ko: «Man déy, maay ànd ak yaw, te boo génnee mbooloo ma Misra, dingeen ma jaamusi ci tund wii. Loolooy firndeel ne, maa la yónni.»

13 Musaa ne Yàlla: «Su ma demee ca bànni Israayil, ne leen seen Yàllay maam ya moo ma yónni ca ñoom bànni Israayil de, dinañu ma laaj nu mu tudd. Lu ma leen di wax nag?»

14 Yàlla ne Musaa: «Maay Ki nekk. Kon waxal bànni Israayil ne leen: "Aji Nekk ji moo ma yónni ci yeen."»

15 Yàlla dellu ne Musaa: «Dangay wax bànni Israayil, ne leen: "Aji Sax ji‡, seen Yàllay maam ya, di Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di Yàllay Yanqóoba, moo ma yónni ci yeen." Aji Sax jee di sama tur wu sax dàkk, ñu di ma ko fàttalikoo ba fàww.

16 Demal woo magi Israayil, ñu daje, nga ne leen: "Aji Sax ji, seen Yàllay maam ya, di Yàllay Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, moo ma feeñu, ne ma: 'Gis naa leen, te yég naa li ñu leen di teg ci Misra.'

17 Nee leen: 'Dogu naa leena jële ci seen nootaange gii ngeen nekke ci Misra, yóbbu leen ca réewum Kanaaneen ña ak Etteen ña ak Amoreen ña ak Periseen ña ak Eween ña ak Yebuseen ña, réew mu meew maak lem ja tuuroo.' "

18 «Magi Israayil dinañu la déggal, su ko defee nga ànd ak ñoom, dem ca buuru Misra. Waxleen ko ne ko: "Aji Sax ji Yàllay Ebrë yi moo nu feeñu. Kon nag ngalla may nu, nu dem topp màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, ngir rendili sunu Yàlla Aji Sax ji ay sarax."

19 Waaye man xam naa ne buuru Misra du leen bàyyi, ngeen dem, mbete mu taseek doole ju ko tiiñ.

20 Moo tax maay xàcc sama loxo, ba dumaa waa Misra ay mbugali mbugal yu kéemaane yu may def ci seen biir. Su ko defee dina leen bàyyi, ngeen dem.

21 Maay dogal sax waa Misra yéwéne mbooloo mii, ba keroog bu ngeen di dem, dungeen deme loxoy neen.

22 Képp kuy jigéen ci bànni Israayil, na laaj dëkkandoom, laajaale ku dëkk ak dëkkandoom, ay gànjari xaalis, ak gànjari wurus, ak yére yu ngeen di solal seen

* **3.1** ***tundu Yàlla wa:*** tund woowu, li tax ñu tudde ko tundu Yàlla, mooy ne fa kaw tund wa la Yàlla di feeñoo. † **3.8** ***Kanaaneen ña*** ñooy waa Kanaan, ci waxin wuy tekki ab giir niki boo nee Njóobeen ñi walla Njaayeen ñi. ‡ **3.15** ***Aji Sax ji*** ci làkku ebrë mooy tekki «Ki nekk»; Aji Nekk ji ci làkku ebrë itam di tekki «maay Ki nekk». Kon Aji Sax ji ak Aji Nekk ji kenn la. Mooy tur wi Yàlla tudde boppam.

doom yu góor ak yu jigéen, ba waa Misra
ne duŋŋ.»

# 4

### *Yàlla jox na Musaa ay firnde*

1 Gannaaw loolu Musaa dellu wax Aji
Sax ji, ne ko: «Waaw, su ñu ma dégluwul te
gëmuñu ma, xanaa ne ma: “Aji Sax ji
feeñuwu la” nag?»
2 Aji Sax ji ne ko: «Li ci sa loxo lu mu
doon?» Mu ne ko: «Aw yet.»
3 Aji Sax ji ne ko: «Sànni ko ci suuf.» Mu
sànni yet wa ca suuf, mu soppaliku jaan.
Musaa dellu gannaaw.
4 Aji Sax ji ne ko: «Tàllalal sa loxo, jàpp ci
geen gi.» Musaa tàllal loxo ba, ne nikk jaan
ja, mu dellu di aw yet ca loxoom.
5 Aji Sax ji ne ko: «Loolu ngay def, ngir ñu
gëm ne Aji Sax ji seen Yàllay maam ya, di
Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa te di
Yàllay Yanqóoba, moo la feeñu ci lu wér.»
6 Aji Sax ji dellooti ne ko: «Léegi dugalal
sa loxo ci sa biir mbubb, teg ko ci sa dënn.»
Musaa dugal loxoom, teg ko ca dënnam; ba
mu ko génnee, mu defi àkk, xobbiku.
7 Aji Sax ji ne ko: «Dellool sa loxo ci sa
dënn.» Musaa delloo loxo ba ca dënn ba,
génnewaat ko, mu dellu mel ni yaramam.
8 Mu ne ko: «Bu ñu la gëmul mbaa ñu
baña seet ci firnde ju njëkk ji, dinañu gëm
ndax firnde ji ci topp.
9 Waaye su lenn ci ñaari firnde yi taxul
ñu gëm, te déggaluñu la, nanga tanqe ndox
ci dexu Niil gi, tuur ko ci suuf su wow si,
su ko defee ndox, ma nga tanqe ca dex ga,
day soppaliku deret ci suuf si.»

### *Yàlla def na Aaróona bëkk-néegu Musaa*

10 Musaa nag ne Aji Sax ji: «Da di,
Boroom bi, man naka jekk duma nitu
waxkat, du démb, du tey jii ngay wax ak
man. Dama di ku leeb, Sang bi, te tëlee
wax.»
11 Aji Sax ji ne ko: «Ku sàkkal nit gémmiñ?
Kan mooy luuwal, di tëxal, di gisal mbaa
muy gumbaal? Xanaa du man Aji Sax ji?
12 Demal rekk, man maay ànd ak yaw
booy wax, di la xamal li ngay wax.»
13 Teewul Musaa ne ko: «Ngalla waay,
yónnil keneen ku la soob rekk, sama
Boroom.»
14 Aji Sax ji nag mer ba fees ndax Musaa.
Mu ne ko: «Sa mag Aaróona, Leween bi, da
fee nekkul? Moom, xam naa ne ku mana
wax la. Mu ngi lay gatandusi sax, te bu la
gisee, bég.
15 Nanga wax ak moom, digal ko li mu
wara wax. Man maay ànd ak yeen, yaak
moom, saa yu ngeen dee wax, te maa leen
di xamal, yeen ñaar, li ngeen wara def.
16 Na lay waxal ak mbooloo mi; su ko
defee sa kàddu di kàddoom, te yaw nga mel
ci moom ni Yàlla.
17 Yóbbaaleel yet wii nag, ndax ci ngay
defe firnde yi.»

### *Musaa dellu na Misra*

18 Musaa nag dellu ca goroom Yettro, ne
ko: «May ma, ma dellu Misra, seeti samay
bokk, ba xam nu ñu def.» Yettro ne ko:
«Demal ak jàmm.»
19 Ci biir loolu Aji Sax ji wax ak Musaa
ca Majan, ne ko: «Dellul Misra, ndaxte ña la
doon wuta rey ñépp dee nañu.»
20 Musaa ànd ak soxnaam ak doomam
yu góor, waral leen mbaam. Ma ngay dellu
Misra, jàpp yetu Yàlla wa* ca loxo ba,
yóbbaale.
21 Aji Sax ji ne ko: «Keroog boo delloo
Misra, nanga taxaw temm, te def ca
kanam Firawna kéemaan yi ma teg ci sa
loxo yépp. Man maay dëgëral boppam, mu
të ba du bàyyi mbooloo mi, ñu dem.
22 Su ko defee nga wax Firawna, ne ko:
“Aji Sax ji dafa wax ne: Israayil mooy
sama taaw bu góor.
23 Te wax naa la ne la, nga bàyyi sama
doom, ndax mu man maa jaamu, nga bañ.
Kon nag dinaa rey sa taaw bu góor.”»
24 Ba ñu lalee panaan ca yoon wa, Aji
Sax ji dafa dogale Musaa, nar koo rey.
25 Soxnaam Cipora jël paaka bu ñu yatte
doj, dog mbuñukam doomam, laalale ko ca
tànkam, ne ko: «Jëkkër ju ñuy jote deret de
laa am.»
26 Ba loolu amee Aji Sax ji bàyyi Musaa.
Ba Cipora di wax lu jëm ci jëkkër ju ñuy
jote deret, aaday xarafal gaa taxoon.

* **4.20** ***yetu Yàlla wa*** mooy yetu Musaa, wa Yàlla defe kéemaan ya.

27 Ci biir loolu Aji Sax ji wax Aaróona ne
ko: «Demal gatanduji Musaa ca màndiŋ
ma.» Aaróona dem seeti ko ca tundu Yàlla
wa, fekk ko fa, taf ko ca kawam.
28 Musaa xamal ko la ko Aji Sax ji dénk
lépp, ak mboolem firnde, ya mu ko sant
mu def ko.
29 Ci kaw loolu Musaa ak Aaróona agsi
Misra. Ñu woo magi bànni Israayil yépp,
ñu daje.
30 Aaróona jottali leen kàddu ya Aji Sax ji
wax Musaa yépp, ba noppi mu wone
firnde ya ca kanam mbooloo ma,
31 ba mbooloo ma gëm. Ba magi Israayil
déggee ne Aji Sax ji nemmiku na bànni
Israayil te gis na nootaange gi ñu nekke,
dañoo sujjóot, màggal Aji Sax ji.

# 5

### *Musaa ak Aaróona seeti nañu Firawna*

1 Gannaaw loolu Musaa ak Aaróona dem
ca Firawna, ne ko: «Aji Sax ji Yàllay Israayil
dafa wax ne: Bàyyil sama ñoñ, ñu dem
màggali ma ca màndiŋ ma.»
2 Firawna ne: «Kan mooy Aji Sax ji, ba
ma di ko déggal, di bàyyi Israayil, ñuy dem?
Xawma sax kuy Aji Sax ji, waxumalaa
may bàyyi Israayil, ñuy dem.»
3 Ñu ne ko: «Sunu Yàlla, nun Ebrë yi, moo
nu feeñu. Ngalla may nu, nu dem topp
màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, ngir
rendili sunu Yàlla Aji Sax ji sarax, lu ko
moy mu dumaa nu jàngoro mbaa ab xare.»
4 Buuru Misra ne leen: «Yeen Musaa ak
Aaróona, lu waral ngeen di jële mbooloo
mi ci seeni liggéey? Laggleen ca seeni sas
waay!»
5 Firawna dellu ne: «Baadoolo yi ne xas
tey ci réew mi, ngeen nar leena dëdduloo
seeni sas!»

### *Firawna yokk na liggéeyu bànni Israayil*

6 Keroog ca bés ba la Firawna sant
saskati liggéey yaak farbay ngàllo ga jiite
jaam ya, ne leen:
7 «Buleen defati na woon, di jox mbooloo
mi boob bu ñuy móole. Gannaaw-si-tey
nañu dem wutal seen bopp boob.
8 Waaye sasleen leen limu móol, ya ñu
daan móol naka jekk. Buleen ko wàññi,
ndax ay yaafus lañu; moo leen tax di
dee-deeluy waxéey naan: “May nu, nu
dem rendili sunu Yàlla sarax!”
9 Nañu leen yen liggéey bu gëna metti, te
ñu dëkke ko, ba duñu tala déglu ay feni
neen.»
10 Ba mu ko defee saskati liggéey ya ak
farbay ngàllo ga génn, wax ak mbooloo
ma, ne leen: «Firawna nee na, du moo leen
di jox boob.
11 Yeena wara wutal seen bopp boob ak
fu ngeen ko mana ame, te du tax lenn
teggiku ci seen liggéey.»
12 Fa la mbooloo ma tasaaroo ca biir
réewum Misra, di wut boob.
13 Saskati liggéey ya nag di leen soññ,
naan leen: «Matalleen seen sasu bëccëg bu
nekk, ni ngeen ko daan matale, ba boob
amee.»
14 Ñuy dóor farbay ngàllo, ga bokk ca
bànni Israayil, te saskati liggéey yu
Firawna fal leen ngir ñuy jiite bànni
Israayil ca liggéey ba. Ña nga leen naan:
«Lu waral démb ak tey yépp mataluleen
limu móol yi ñu leen sas, te ngeen daan ko
matal?»
15 Booba la farbay ngàllog Israayil, dem
jooytuji ca Firawna, ne ko: «Sang bi, lu tax
nga def nu nii?
16 Du menn mboob mu ñu nu joxati, te
teewul ñu di nu sant nuy móol, di nu ci
dóor. Te kat sang bi, sa waa réew a tooñ.»
17 Firawna ne leen: «Yaafus yi ngeen
doon! Yaafus a leen tax di wax naan:
“May nu, nu dem rendili Aji Sax ji sarax.”
18 Neleen mott, liggéeyi! Du menn
mboob mu ñu leen di jox. Te du tee ngeen
matal seen limu móol.»
19 Farbay ngàllo ga bokk ca bànni
Israayil nag xam ne dal nañu aw sas, ndax
la ñu leen ne duñu wàññi lenn ca limu
móol ya leen war bés bu nekk.
20 Ba loolu amee ñu bàyyikoo ca Firawna,
daldi yem ca Musaak Aaróona, fa ñu leen
doon xaar.
21 Farba ya ne leen: «Yal na leen Aji Sax
ji gis ba mbugal leen, ndax tax ngeen
Firawnaaki dagam jéppi nu, te mel na ni
yeena teg ci seeni loxo saamar, bi ñu nuy
reye.»
22 Musaa dégg loolu, dellu ci Aji Sax ji, ne
ko: «Éey Boroom bi, loraange gi nga yóbbe
mbooloo mii nag? Loo ma doon yónnee?

23 Ba ma demee ca Firawna, di wax ci sa
tur ba tey, mu ngi lor bànni Israayil, sa
ñoñ, te xettaliwoo leen sax!»

# 6

1 Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Dinga gis
léegi ni may def Firawna: loxo bu ko ëpp
dooleey tax mu bàyyi leen ñu dem. Bir na
ne, loxo bu ko ëpp doole mooy tax mu dàq
leen réewam.»

## *Yàlla dellu na yónni Musaa*

2 Yàlla dellu wax Musaa ne ko: «Man
maay Aji Sax ji.
3 Yàlla Aji Man ji, mooy ni ma feeñoo
woon Ibraayma, te ni laa feeñoo Isaaxa ak
Yanqóoba it, waaye sama tur, Aji Sax ji,
leeraluma leen ko woon.
4 Te itam damaa fasoon ak ñoom köllëre,
ngir jox leen réewum Kanaan, réew ma ñu
nekkoon ay doxandéem.
5 Maa déggal sama bopp yuuxi bànni
Israayil gi waa Misra def ay jaam, te
fàttewuma sama köllëre ga.
6 Kon nag waxal bànni Israayil ne leen:
“Man maay Aji Sax ji. Maa leen di sippil,
yeen bànni Israayil, li leen waa Misra sëf,
te maa leen di teggil njaam gi ñu leen teg.
Maay tàllal sama loxo, dogal mbugal yu
kéemaane, ba jot leen.
7 Maa leen di def sama ñoñ, di seen Yàlla.
Dingeen xam ne man Aji Sax ji maay seen
Yàlla ji leen di teggil sas yi leen waa Misra
teg.
8 Maa leen di yóbbu ba ngeen dugg réew
ma ma giñoon ne maa koy jox Ibraayma
ak Isaaxa ak Yanqóoba, te maa leen koy
moomale, man Aji Sax ji.”»
9 Ba Musaa waxee loolu bànni Israayil,
dégluwuñu ko sax ndax xol bu jeex ak
njaam gu metti.
10 Aji Sax ji wax Musaa ne ko:
11 «Demal wax Firawna buuru Misra, mu
bàyyi bànni Israayil, ñu génn réewam.»
12 Musaa tinu Aji Sax ji ne ko: «Waaw,
ndegam bànni Israayil sax nanguwuñu
maa déglu, nu ma Firawna di déggale, man
mii tëlee wax?»
13 Aji Sax ji nag wax ak Musaa ak
Aaróona, jox leen ay ndigal ci mbirum
bànni Israayil ak Firawna buuru Misra,
ngir ñu yiwi bànni Israayil, ba ñu génn
Misra.

## *Lu jëm ci cosaanu Musaa ak Aaróona*

14 Bànni Israayil ya yilifoon seen kër
baay, ñoo di ñii:
Góor ña Ruben, taawu Israayil, jur, di
Enog ak Palu ak Esron ak Karmi. Ñooñoo
sos làngi Ruben.
15 Doomi Simeyon yu góor di Yemuwel
ak Yamin ak Owàdd ak Yakin ak Cowar ak
Sawul, mi ndeyam dib Kanaaneen.
Ñooñoo sos làngi Simeyon.
16 Doomi Lewi yu góor ñoo di Gerson ak
Keyat ak Merari, ku nekk ak askanam. At
ya Lewi dund, téeméer la ak fanweer ak
juróom ñaar (137).
17 Doomi Gerson yu góor ñoo di Libni ak
Simey, ñook seeni làng.
18 Doomi Keyat yu góor ñoo di Amram ak
Iccar ak Ebron ak Usyel; te at ya Keyat
dund, téeméer la ak fanweer ak ñett (133).
19 Doomi Merari yu góor ñoo di Maxli ak
Musi.
Ñooñoo sos làngi Lewi ak seeni giir.
20 Amram moo jël bàjjanam Yokebedd
soxna*, kooku am ak moom Aaróona ak
Musaa. At, ya Amram dund, téeméer la ak
fanweer ak juróom ñaar (137).
21 Doomi Iccar yu góor ñoo di Kore ak
Nefeg ak Sikkri.
22 Doomi Usyel yu góor di Misayel ak
Elcafan ak Sitiri.
23 Aaróona moo jël Eliseba doomu
Aminadab, jigéenub Naason. Kooku am ak
moom Nadab ak Abiyu ak Elasar ak
Itamar.
24 Doomi Kore yu góor ñoo di Asir ak
Elkana ak Abyasaf. Ñooñoo sos làngi Kore.
25 Elasar doomu Aaróona moom, moo jël
soxna kenn ca doomi Putiyel, kooku am
ak moom Fineyas.
Ñooñoo yilif seeni kër baay ca Leween
ña, ku nekk sos làngam.
26 Aaróona moomu nag, mook Musaa, la
Aji Sax ji wax, ne leen: «Génneleen bànni
Israayil Misra, kuréel ci kaw kuréel.»

* **6.20** Séy bu ni jegee mujj nañu ko tere bànni Israayil. Waaye jamonoy waajuri Musaa, séy bu jegee noonu aada la fa woon.

27 Ñoom ñooñu ñoo wax ak Firawna buuru Misra, ngir génne bànni Israayil Misra; du keneen ku dul Musaa ak Aaróona.

### *Yàlla feddali na digeem baak Musaa*

28 Keroog ba Aji Sax ji waxee ak Musaa ca réewum Misra,

29 da koo wax, ne ko: «Man maay Aji Sax ji. Nanga wax Firawna buuru Misra, li ma lay wax lépp.»

30 Teewul Musaa tinu Aji Sax ji, ne ko: «Waaw, waaye man, damaa tëlee wax. Mbaa Firawna dina ma déggal yee?»

## 7

1 Aji Sax ji ne Musaa: «Dama ne, def naa nga féete Firawna fi ko Yàlla féete, sa mag Aaróona di sa yonent.

2 Su ko defee yaw nga wax ko li ma la sant lépp, sa mag Aaróona wax ko Firawna, ngir mu bàyyi bànni Israayil, ñu génn réewam.

3 Waaye man maay dëgëral boppu Firawna, ba fulandi samay firnde ak samay kéemaan ci biir réewum Misra.

4 Firawna du leen déggal. Su ko defee nag maay tàllal sama loxo, tiimale Misra, te maay dogal mbugal yu kéemaane, ba goreel bànni Israayil, sama ñoñ, ñu génn Misra, kuréel ci kaw kuréel.

5 Keroog bu ma tàllalee sama loxo, tiimale ko Misra, ba génnee bànni Israayil ca seen biir, waa Misra dinañu xam ne maay Aji Sax ji.»

6 La Aji Sax ji santoon Musaak Aaróona, noonu rekk lañu ko defe.

7 Musaa nga tollu woon ci juróom ñett fukki at (80); Aaróona moom am juróom ñett fukki at ak ñett (83); ca jamono, ya ñuy wax ak Firawna.

### *Firawna gàntu na*

8 Aji Sax ji dafa wax Musaa ak Aaróona ne leen:

9 «Bu leen Firawna waxee ne leen: "Defleen seeni kéemaan boog!" danga naan Aaróona: "Jëlal yet wi, sànni ci suuf ci kanam Firawna." Su ko defee yet wi dina soppaliku jaan.»

10 Ci kaw loolu Musaa ak Aaróona àgg ba ca Firawna. Ñu def la leen Aji Sax ji santoon. Aaróona jël yetam, sànni ca suuf ca kanam Firawnaaki dagam; yet wa soppaliku jaan.

11 Ba mu ko defee Firawna moom itam woo boroom xam-xam yaak ñeengokat ya. Jabarkati Misra ya ñoom it fexe ca seeni xarfafuufa, ba def lu mel noona.

12 Ku nekk ca ñoom sànni yetam, mu soppaliku jaan, yetu Aaróona nag wann seeni yet*.

13 Terewul Firawna të, faalewu leen, muy la Aji Sax ji waxoon.

### *Yar bi njëkk: ndox mu soppaliku deret*

14 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na Musaa ne ko: «Firawna daa dëgër bopp. Bañ naa bàyyi mbooloo mi, ñu dem.

15 Dangay teela xëy ca Firawna ëllëg, buy génn jëm ca ndox ma, nga dogale ko ca tàkkal dexu Niil, te yóbbaale yet wa soppaliku woon jaan.

16 Wax ko ne ko: "Aji Sax ji Yàllay Ebrë yi, moo ma yónni ci yaw. Mu di la wax, ne la: Bàyyil sama ñoñ, ñu jaamuji ma ca màndiŋ ma. Yaw nag booba ba tey yaa ngi tanqamlu.

17 Aji Sax ji dafa wax ne: Ni ngay xame ne man maay Aji Sax ji nii la: dama ne, dinaa dóor ci ndoxum Niil mi yet wi ci sama loxo, ndox mi soppaliku deret;

18 su ko defee jën yi ci dex gi dee, dexu Niil gi mujj xasaw, ba waa Misra dootuñu mana naan ci ndox mi."»

19 Ci kaw loolu Aji Sax ji ne Musaa: «Waxal Aaróona ne ko: "Jëlal saw yet, te tàllal sa loxo tiimale ko ndoxi Misra, muy seeni dex ak seen yooni ndox ak seeni déeg ak fépp fu ndox taa, mu ànd soppaliku deret." Deret ja dina daj Misra gépp, ba ca këll yaak njaq ya.»

20 Musaa ak Aaróona def loolu lépp, na leen ko Aji Sax ji sante. Naka la ne xaas yet wa, ne ko tàrr ca ndoxum Niil ma, ca kanam Firawnaaki dagam, ndoxum Niil ma mépp di deret,

* **7.12** Manees naa jàpp ne jaan, ja yetu Aaróona soppaliku woon, moo wann jaan, ya seen yet soppaliku.

21 jën ya ca dexu Niil ga dee, dexu Niil ga
xasaw, ba waa Misra manatuñoo caa
naan. Misra gépp di deret.
22 Jabarkati Misra itam fexe ca seeni
xarfafuufa, ba def lu mel noona. Firawna
të rekk, tanqamlu Musaak Aaróona, muy
la Aji Sax ji waxoon.
23 Ba loolu amee Firawna ne wërëñ,
dellu këram, te bàyyiwul xel ca mbir ma.
24 Waa Misra gépp di gas la wër dexu
Niil, ngir am ndoxum naan, ndax manuñu
woona naan ca dex ga.

### *Yarub ñaareel ba: mbott yu daj réew ma*

25 Ba Aji Sax ji dalee ca kaw dexu Niil, ba
ñu teg ca juróom ñaari fan,
26 Aji Sax ji da ne Musaa: «Demal ca
Firawna, ne ko: “Aji Sax ji dafa wax ne:
Bàyyil sama ñoñ, ñu dem jaamuji ma.
27 Soo leen bañee bàyyi, ñu dem kat, maa
leen di mbugale ay mbott yu daj sam réew.
28 Dexu Niil gi day ramm-rammeeki
mbott, te dinañu ñëw, duggsi sa biir kër, ak
sa néegu biir, ak sa kaw lal, ak sa këri dag,
ak sa waa réew, ba ca lakkukaay yaak
nootukaayi mburu ya.
29 Mbott yi dinañu yéeg ci sa kaw, yéeg ci
kaw waa réew mi, ak sa dag yépp.”»

## 8

1 Ba loolu weesoo Aji Sax ji ne Musaa:
«Waxal Aaróona, ne ko mu jël yet wi, tàllal
loxoom, tiimale ko dex yi, ak yooni ndox
yeek déeg yi, ngir indi mbott yi ci biir
réewum Misra.»
2 Aaróona tàllal loxoom, mu tiim ndoxi
Misra, mbott ya jóg, lal réewum Misra.
3 Jabarkat ya it fexe ca seeni xarfafuufa,
ba indi ay mbott ca réewum Misra.
4 Ba mu ko defee Firawna woo Musaak
Aaróona, ne leen: «Ñaanleen Aji Sax ji, ngir
mu teqale nook mbott yi, man ak sama
waa réew. Kon dinaa bàyyi mbooloo mi, ñu
dem rendili Aji Sax ji sarax.»
5 Musaa ne Firawna: «Saa yu la neexee
rekk, sang bi. Wax ma kañ laa lay ñaanal,
yaw ak say dag ak sa waa réew, ngir jële fi
mbott yi, ñu tàggook yeen, génn seeni kër,
ca dexu Niil ga doŋŋ lañuy des.»
6 Mu ne ko: «Nay ëllëg.» Musaa ne ko:
«Baax na, ndax nga xam ne sunu Yàlla Aji
Sax ji amul moroom.
7 Mbott yi dinañu jóge sa kër, teqalikook
yeen, yaak say dag ak sa waa réew, ca dexu
Niil ga doŋŋ lañuy des.»
8 Musaa ak Aaróona nag jóge ca Firawna,
Musaa tinu Aji Sax ji ca mbirum mbott ya
mu yare Firawna.
9 Aji Sax ji def la ko Musaa ñaan, mbott
ya dee, ba jeex ca kër yaak ca ëtt yaak tool
ya.
10 Ñu jal koo jal, ba xet ga ubale ca réew
ma.
11 Teewul, ba Firawna gisee ca mbir ma
ag tan, daa wéye të, tanqamlu leen, muy la
Aji Sax ji waxoon.

### *Yarub ñetteel ba: yoo yu daj réew ma*

12 Ba loolu amee Aji Sax ji ne Musaa:
«Waxal Aaróona ne ko mu tàllal yetam, dóor
ci pëndub suuf si, mu doon ay yoo* ci
réewum Misra gépp.»
13 Ñu def loola, Aaróona tàllal loxoom ba
mu yore yet wa, dóor ca pënd ba, mu doon
ay yoo yu song nit ak rab; pëndub suuf
sépp a defi yoo ca réewum Misra gépp.
14 Jabarkat ya fexe ca seeni xarfafuufa,
nu ñu defe ay yoo, waaye manuñu. Yoo ya
nag song nit ñaak rab ya.
15 Jabarkat ya ne Firawna: «Lii de Yàlla
rekk a ko man!» Teewul Firawna wéye të
rekk, tanqamlu leen, muy la Aji Sax ji
waxoon.

### *Yarub ñeenteel ba: weñ yuy màtte*

16 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko: «Teelala
xëy ëllëg ca Firawna, buy génn jëm ca ndox
ma, nga wax ko ne ko: “Aji Sax ji dafa wax
ne: Bàyyil sama ñoñ, ñu dem jaamuji ma.
17 Ndaxte soo bàyyiwul sama ñoñ, ñu
dem kat, dinaa yuri ay ndiiraani weñ yuy
màtte ci seen kaw, yaak say dag ak sa waa
réew, te dinañu àgg ci sa biir kër. Këri waa
Misra dina fees ak weñ yuy màtte, ba suuf,
si ñu taxaw sax, weñ yee koy muur.
18 Waaye bu keroogee dinaa ci musal
diiwaanu Gosen, ga sama ñoñ dëkke, ba ay
weñ du fa same, ndax nga xam ne, man
Aji Sax ji maa ngi ci digg réew mii,

* **8.12** ***yoo:*** li ñuy wax fii, kenn xamul lan la dëgg. Waaye luy naaw lu tuut la, di same aka màtte.

19 te maay musal sama ñoñ ci musiba
moomuy dal saw askan. Ëllëg firnde jooju
dina am.”»
20 Aji Sax ji def loola, weñ yi def
ndiiraan yu réy, song kër Firawna ak kër
dagam ya, dajal réewum Misra, ba réew ma
yàqu ndax ndiiraani weñ ya.
21 Firawna daldi woolu Musaak
Aaróona, ne leen: «Demleen rendili seen
Yàlla sarax, te nay ci biir réew mi nag.»
22 Musaa ne ko: «Loolu du yoon, ndax li
nuy rendil sunu Yàlla Aji Sax ji, waa Misra
dañu koy xof. Te bu nu sarxalee lenn lu
waa Misra xof, ñuy gis, dinañu nu dóor ay
doj, ba nu dee.
23 Kon kay danoo wara génn, topp
màndiŋ mi lu mat doxub ñetti fan, rendili
fa sunu Yàlla Aji Sax ji sarax, ni mu nu ko
sante.»
24 Firawna àddu ne: «Dinaa leen may,
ngeen dem ca màndiŋ ma, rendili seen
Yàlla Aji Sax ji sarax, waaye buleen sore
lool. Ñaanalleen ma nag.»
25 Musaa ne ko: «Bu ma bàyyikoo ci yaw
rekk Firawna, dinaa tinu Aji Sax ji, ngir
ëllëg ndiiraani weñ yi teqalikook yaw, ak
say dag ak sa waa réew, waaye kat
Firawna, bu nu naxati, di baña bàyyi
mbooloo mi, ñu rendili Aji Sax ji sarax.»
26 Musaa bàyyikoo fa Firawna, daldi tinu
Aji Sax ji.
27 Aji Sax ji defal Musaa la mu ñaan, jële
ndiiraani weñ ya ca Firawnaaki dagam ak
waa réewam, ba weñ desatu fa.
28 Teewul Firawna të rekk, baña bàyyi
mbooloo ma, ñu dem.

# 9

## *Yarub juróomeel ba: deewug jur ga*

1 Ba loolu wéyee Aji Sax ji da ne Musaa:
«Demal ca Firawna, nga ne ko: “Aji Sax ji
Yàllay Ebrë yi dafa wax ne: Bàyyil sama
ñoñ, ñu dem màggali ma.
2-3 Ndax boo leen bañee bàyyi kat, xanaa
di leen téye ba tey, loxol Aji Sax ji dina dal
ci sa kaw jur gi ci tool yi, muy fas ak
mbaam ak giléem, jur gu gudd ak gu gàtt,
te jàngoro ju aaytal lool lay doon.
4 Waaye man Aji Sax ji maay ràññaatle
juru bànni Israayil ak juru waa Misra, ba
lenn du dee ci mboolem lu bànni Israayil
moom.”»
5 Aji Sax ji nag jàpp na bés, nee na: «Ëllëg
maay def loolu ci réew mi.»
6 Ca ëllëg sa Aji Sax ji def ko: jurug waa
Misra gépp dee, te jurug bànni Israayil,
lenn deewu ca.
7 Ba Firawna yónnee, ba nemmiku mbir
ma, xam na ne lenn deewul ca juru bànni
Israayil. Teewul mu të ticc ba tey, baña
bàyyi mbooloo ma, ñu dem.

## *Yarub juróom benneel ba: taab ya*

8 Ba loolu amee Aji Sax ji wax Musaa ak
Aaróona ne leen: «Tibbleen seeni loxo
dóomu puuru ban, ba mu fees, Musaa suy
ko, mu jëm asamaan, Firawna di ci gis.
9 Su ko defee dóom bi doon pënd bu sew
ci kaw réewum Misra gépp, daldi def ay
taab yuy sotti dëtt ci réewum Misra gépp, ci
nit ak mala.»
10 Ñu sàkk dóom, àgg ca kanam Firawna,
Musaa suy dóom ba, mu jëm ca kaw, ba
mu def ay taab yuy sotti dëtt ca nit ñaak
mala ya.
11 Ci kaw loolu jabarkat ya taluñoo
janook Musaa ndax ay taab, ñoom ak waa
Misra gépp.
12 Teewul Aji Sax ji dëgëral boppu
Firawna, mu të, tanqamlu leen, muy la Aji
Sax ji waxoon Musaa.

## *Yarub juróom ñaareel ba: tawub yuur ba*

13 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko: «Teelala
xëy ca Firawna ëllëg, nga wax ko ne ko:
“Aji Sax ji, Yàllay Ebrë yi, dafa wax ne:
Bàyyil sama ñoñ, ñu dem màggali ma.
14 Ndax kat bii yoon maa ngii di yebal
sama mbugal yépp ci yaw ci sa bopp, ak
say dag ak sa waa réew, ngir nga xam ne
awma moroom ci àddina wërngal këpp.
15 Nëgëni tey doon naa xàcc sama loxo
xaat, dumaa leen mbas mu leen di fare ci
kaw suuf, yaw yaak sa waa réew.
16 Waaye maa la musal, te li ma ci jublu
moo di won la sama doole, ba sama
riirum tur dajal àddina.

* **9.18 *tawub yuur,*** ndoxum taw la, mu sedd, ba toq yi def donji galaas.

17 Ndaxam yaa ngi réy-réylu ci sama kaw
ñoñ ba tey, bañ leena bàyyi, ñu dem.
18 Te kat nëgëni ëllëg dinaa taw yuur* bu
réy, bu masula am Misra, ba mu sosoo ba
tey jii.
19 Kon nag sa jur ak mboolem loo am, te
mu nekk ci biti, joxeel ndigal ñu boole fat
fu wóor, ndax lu nekk ci biti te fateesu ko,
su tawtee dee, muy nit mbaa mala."»
20 Ba mu ko defee ña ragal kàddug Aji
Sax ji ca dagi Firawna fat seeni jaam ak
seeni jur fu wóor.
21 Ña faalewul kàddug Aji Sax ji, ñoom,
wacc seeni jaam ak seeni jur ca biti.
22 Aji Sax ji ne Musaa: «Yékkatil sa loxo
ca kaw, mu jublu asamaan, ngir tawub
yuur bi dal ci réewum Misra mépp, nit ak
mala, ba ci lépp luy gàncax ci réewum
Misra.»
23 Musaa ne yékkét yet wa, mu jublu
asamaan, Aji Sax ji yebal dënu baak tawub
yuur ba, sawara wa ne yureet fi suuf, ànd
ak tawub yuur, ba Aji Sax ji sóob ca
réewum Misra.
24 Tawub yuur ba réy lool, ànd ak
sawara, wa jaxasook yuur ba, di
xuyy-xuyyi, muy guléet ca cosaanu
réewum Misra ba bésub keroog.
25 Tawub yuur ba dal ca mboolem
réewum Misra, daaneel lépp lu ne woon ca
biti, nit ak mala, daaneel gàncax gépp,
dammat garab ya ca àll ba yépp.
26 Diiwaanu Gosen, ga bànni Israayil
dëkkoon doŋŋ, moo mucc ca tawub yuur
ba.
27 Firawna nag yónnee, woolu Musaak
Aaróona. Mu wax leen ne leen: «Bii yoon
de, maa tooñ. Aji Sax ji moo nekk ci dëgg,
te maak sama waa réew ñoo sikk.
28 Tinuleen Aji Sax ji, ndax dënu yu màgg
yeek tawub yuur bi dakk. Dinaa leen
bàyyi, ngeen dem. Deesu leen fi téyeeti.»
29 Musaa ne ko: «Bu may génn dëkk bi
rekk, di tàllal Aji Sax ji samay loxo, dënu yi
dakk, tawub yuur bi sewet, ngir nga xam
ne àddina, Aji Sax jeey boroom.
30 Waaye xam naa ne, loolu du tax ba
tey, nga ragal Yàlla Aji Sax ji, yaw, yaak say
dag.»
31 Fekk na gàncax ga ñuy defare wëñu lëe
yàqu na, mook peppum lors ba, ndax lors
baa nga tollu woon ci waaja focci, gàncax
ga ñuy defare lëe di tóor.
32 Waaye xeeti peppi bele ya, lenn
yàquwu ca, ndax yooyooy mujja ñor.
33 Naka la Musaa bàyyikoo ca Firawna,
ba génn dëkk ba rekk, daldi tàllal Aji Sax ji
ay loxoom. Dënu yaak tawub yuur ba ne
tekk, taw ba sewet.
34 Ba mu ko defee Firawna gis ne tawub
yuur baak dënu ya dakk na, mu tëëti ticc,
mooki dagam, dellu cig tooñam.
35 Firawna të rekk, baña bàyyi bànni
Israayil, ñu dem, muy la Aji Sax ji waxoon,
Musaa jottali.

# 10

*Yarub juróom ñetteel ba: njéeréer ya*

1 Ba loolu weesoo Aji Sax ji dafa wax
Musaa ne ko: «Demal ca Firawna. Maa
dëgëral boppam, mooki dagam, ngir jëfe
samay firnde fi seen biir.
2 Su ko defee ngeen mana nettali seeni
doom ak seeni sët ni ma toroxale waa
Misra, ak sama firnde yi ma def fi seen
biir, ndax ngeen xam ne man maay Aji
Sax ji.»
3 Musaa ak Aaróona nag dem ca
Firawna, wax ko ne ko: «Aji Sax ji Yàllay
Ebrë yi dafa wax ne: Siide nga maa nangul
daal? Waaw, foo àpp sa ngàntal ak man?
Bàyyil sama ñoñ, ñu dem màggali ma.
4 Soo bañee bàyyi sama ñoñ, ñu dem kat,
ëllëg dinaa wàcce ay njéeréer ci sam réew.
5 Dinañu lal déndu réew mi, ba kenn
dootul gis suuf. Dinañu lekk lu fi tawub
yuur bi ba woon, te garab yi ci seeni tool
yépp lañuy lekk.
6 Te itam dinañu fees say biir kër ak sa
këri dag yépp ak këri waa Misra gépp, muy
mbir mu say maam ak say maamaat
masula gis, ba ñu ganee àddina ba bésub
tey jii.»
Ba loolu amee Musaa walbatiku,
bàyyikoo ca Firawna.
7 Dagi Firawna ya wax Firawna ne ko:
«Lu nuy seetaanati, waa jii di nu yóbbe aw
ay? Bàyyil bànni Israayil ñii kay, ñu màggali
seen Yàlla Aji Sax ji! Xanaa yéguloo ne
Misra tas na?»
8 Ñu delloosi nag Musaak Aaróona ca
Firawna, mu ne leen: «Demleen màggali

seen Yàlla Aji Sax ji! Waaw, ñiy dem sax,
ñan la?»
9 Musaa ne ko: «Nun ñépp ay dem kay,
mag ak ndaw; danuy dem, ànd ak sunuy
doom, góor ak jigéen, ak sunuy jur, gu
gudd ak gu gàtt, ndax màggalug Aji Sax ji la
ci nun.»
10 Firawna ne leen: «Ãa, yal na leen Aji
Sax ji saxoo taxawu walla, ndegam maa
leen di bàyyi moos, ngeen dem, yóbbaale
seen njaboot! Xam ngeen ne naruleen
njub de.
11 Mukk laa wax! Du dangeen di màggal
Aji Sax ji? Demleen boog, yeen ñiy góor!»

Ba loolu amee ñu dàq leen, ñu jóge ca
Firawna.
12 Aji Sax ji ne Musaa: «Tàllalal sa loxo,
mu tiim réewum Misra, ngir njéeréer yi
ñëw, song réewum Misra, ba lekk gàncax gi
ci réew mi, lekk lépp lu fi tawub yuur bi
bàyyi woon.»
13 Ba mu ko defee Musaa tàllal yetam,
mu tiim réewum Misra, Aji Sax ji yékkati
ngelaw ca réew ma, mu jóge penku,
yendoo gelaw, fanaanoo ko. Bët set,
ngelawal penku la indi njéeréer ya.
14 Njéeréer ya song réewum Misra mépp,
sam déndu Misra wépp, ba mu fatt taraj.
Lu ni tollu masula am, te dootul amati.
15 Njéeréer ya daa muur suuf sa sépp, ba
giseesu ko. Suuf sa ñuul kukk. Njéeréer ya
lekk lépp luy gàncax mbaa meññeefi garab
gu tawub yuur ba jotuloona yàq, ba lenn
lu naat desatul, du xobi garab, du gàncax,
ca mboolem réewum Misra.
16 Firawna nag gaaw woolu Musaak
Aaróona, ne leen: «Tooñ naa seen Yàlla Aji
Sax ji, tooñ leen.
17 Baal ma àq bii yoon rekk, te ngeen
ñaanal ma seen Yàlla Aji Sax ji, ngir mu
teggil ma rekk, wii ay wu rey.»
18 Musaa bàyyikoo ca Firawna, tinu Aji
Sax ji.
19 Aji Sax ji walbati ngelaw la, mu jóge
sowu, am doole lool, daldi fél njéeréer ya,
sànni ca géeju Barax ya, ba luy niru
njéeréer desatul ca déndu Misra.
20 Teewul Aji Sax ji dëgëral boppu
Firawna, mu të rekk, baña bàyyi bànni
Israayil ñu dem.

*Yarub juróom ñeenteel ba: lëndëm gu tar ga*

21 Gannaaw loolu Aji Sax ji ne Musaa:
«Tàllalal sa loxo, mu jublu asamaan,
lëndëm wàcc ci kaw réewum Misra, lëndëm
gu nit mana daj, ndax fatt.»
22 Musaa tàllal loxoom, mu jublu
asamaan, lëndëm gu fatt wàcc ca kaw
réewum Misra gépp, diiru ñetti fan.
23 Kenn gisul sa moroom, kenn manula
jóge fa nga nekk, diiru ñetti fan. Teewul
këri bànni Israayil gépp di leer.
24 Firawna nag woolu Musaa, ne ko:
«Demleen màggali Aji Sax ji. Seen jur gu
gudd ak gu gàtt rekk a fiy des, seeni doom
sax man naãoo ànd ak yeen.»
25 Musaa ne ko: «Danga noo wara bàyyee
lu nuy sarxalal sunu Yàlla Aji Sax ji, ak yu
ñu koy defal saraxu rendi-dóomal.
26 Sunuy gétt dina nu topp moos, luy
nirook we sax du des gannaaw, ndax ci
lanuy tànne lu nuy màggale sunu Yàlla Aji
Sax ji, te itam li feek nuy àgg foofa,
manunoo xam lan lanu ciy def sarax,
màggale Aji Sax ji.»
27 Teewul Aji Sax ji dëgëral boppu
Firawna, mu të rekk, bañ leena bàyyi ñu
dem.
28 Firawna nag ne Musaa: «Neel mott!
Bul fexe ba taxawati sama kanam! Ndax
bés boo jàkkaarlooteek man, kera ngay
dee.»
29 Musaa ne ko: «Noonu la sax de. Duma
jàkkaarlooteek yaw moos!»

# 11

*Yàlla waaj na yar bu mujj ba*

1 Ba loolu wéyee Aji Sax ji waxati Musaa
ne ko: «Benn yarub mujjantal laay dellu
wàcce ci kaw Firawna ak waa Misra. Su ko
defee du leen bàyyi ngeen dem, yem ca.
Da leen fiy far dàqe, ba fàww.
2 Te neel mbooloo mi, góor gu nekk ak
jigéen ju nekk ci ñoom na sàkkoo ci
dëkkandoob waa Misraam, ay gànjari xaalis
ak wurus.»
3 Ci biir loolu Aji Sax ji def waa Misra
yéwéne leen. Musaa sax ci boppam ku ñu
naw la woon ca réewum Misra, ca dagi
Firawna ya, ba ca baadoolo ya.

4 Musaa daldi wax Firawna ne ko: «Aji
Sax ji dafa wax ne: “Bu guddi gi xaajee,
maay wër Misra gépp,
5 te lépp luy taaw bu góor ci réewum
Misra, dina dee, dale ko ci taaw bu góoru
Firawna, mi toog ci jal bi, ba ci taaw bu
góoru jaam bu jigéen bu féetewoo wol,
boole ci luy taaw bu góor ci jur gépp.
6 Dees na dégg yuux yu réy jibe Misra
gépp, lu masula am, te dootul am mukk.
7 Waaye fépp fu bànni Israayil dëkke,
dara du fa wokk nit ak mala.” Su boobaa
dingeen xam ne, Aji Sax jee ràññaatle waa
Misra ak bànni Israayil.
8 Bu loolu amee mboolem sa dag yii
dinañu ma sujjóotalsi te naan ma: “Demal,
yaak mbooloo, mi la topp yépp!” Su ko
defee ma doora dem.» Musaa nag won
Firawna gannaaw, mer ba fees.
9 Fekk na Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Li
waral Firawna du leen déglu, mooy sama
kéemaan yi wara fulandiwu ci réewum
Misra.»
10 Musaa ak Aaróona def nañu yooyu
kéemaan yépp ca kanam Firawna, waaye
fekk na Aji Sax ji dëgëral boppu Firawna,
ba mu të, baña bàyyi bànni Israayil, ñu
génn réew ma.

# 12

## *Lu jëm ci bésub Mucc ba*

1 Aji Sax ji wax na ak Musaa ak Aaróona
ca réewum Misra, ne leen:
2 «Weer wii mooy doon ci yeen wi jiitu ci
weer yi, te na doon ci yeen weer wi njëkk
ci at mi.
3 Waxleen ak mbooloom Israayil mépp
ne leen, bésub fukkeel ba ci weer wii, na
ku nekk jëlal njabootam ab gàtt, kër gu
nekk ak gàttam.
4 Waaye su dee gàtt bu ëpp waa kër ga,
dañu koy bokk ak kër gi leen gëna jege, te
nañu seet nu nit ña tollu, doora tànn gàtt
bu dëppook la ñu mana lekk.
5 Gàtt ba bumu am sikk te na di kuuyu
menn at. Man naa doon xar mbaa sikket.
6 Dangeen koy denc ba fukkeelu bés ba
ak ñeent ci weer wii. Bu bés baa ci
diggante ngoon ak jant bu so, na
mbooloom Israayil mépp bokk rendi seeni
gàtt.
7 Su ko defee ñu sàkk ca deret ja, taqal ca
buntu kër ga ñu ko nara lekke, taqal ca
ñaari jëni bunt ba ak njëël bunt ba ca kaw.
8 Dañuy lakk yàpp wa cib taal, lekk ko
guddig keroog, boole kook mburu mu
amul lawiir ak xob yu wex.
9 Nañu ko wàjj, mu ne ñumm, bopp bi ak
tànk yi ak yérey biir yi. Buleen ci lekk dara
lu ñorul, mbaa lu ñu baxal.
10 Buleen ci wacc dara mu fanaan, te
lépp lu ci des bu bët setee, lakkleen ba mu
jeex tàkk.
11 Ni ngeen koy lekke nag nii la: bu
ngeen koy lekk, dangeen di takku, sol
seeni dàll, yor seen yet, te ngeen lekk ko ci
lu gaaw. Loolu gàttu saraxu bésub Mucc ba
lay doon, ñeel Aji Sax ji.
12 «Guddig keroog maay wër réewum
Misra te maay faat lépp luy taaw bu góor ci
réewum Misra, nit ak mala, te itam maay
mbugal mboolem tuuri Misra. Man maay
Aji Sax ji.
13 Deret ji ci kër yi ngeen dëkke nag,
mooy doon seen xàmmikaay, ba tax bu ma
gisee deret ji, musal leen. Su ko defee bu
may dal ci kaw réewum Misra, menn
musiba du leen lor.
14 «Bésub keroog bésub baaxantal lay
doon ci yeen, ngeen war koo màggal ngir
Aji Sax ji, muy dogal bu leen war fàww,
yeen ak seen askan.

## *Lu jëm ci ayu bésu Mburu mu amul lawiir*

15 «Diiru juróom ñaari fan ngeen di lekk
mburu mu amul lawiir; te bés bu njëkk bi
ci boppam nangeen jële seeni kër luy
lawiir, ndaxte képp ku ci lekk mburu mu
am lawiir, li ko dale bés bi njëkk, ba kera
bésub juróom ñaareel ba, dees na ko dagge
ci askanu Israayil.
16 Bés bi njëkk nangeen ci amal woote bu
sell. Juróom ñaareelu bés ba itam nangeen
ca amal ndaje mu sell; deesul liggéey lenn
ci yooyu bés, lu moy ngeen togg ñam wu
ñépp lekk. Loolu doŋŋ lees ciy mana def.
17 «Nangeen wormaal ayu bésu Mburu
mu amul lawiir, ndaxte ci bés boobu
tembe laa leen génnee réewum Misra,
kuréel ci kaw kuréel. Kon nag nangeen
wormaal bés bii, muy dogal bu leen war
fàww, yeen ak seen askan.

18 Li ko dale ngoonu fukki fan ak ñeent
ci weer wu njëkk wi, ba ca ngoonu ñaar
fukki fan ak benn ci weer woowu,
nangeen ci lekk mburu mu amul lawiir.
19 Diiru juróom ñaari fan, bu dara ci
lawiir am fenn ci seeni kër, ndax képp ku
lekk lu am lawiir, dees na ko dagge ci
askanu Israayil, muy doxandéem mbaa
doomu réew mi.
20 Buleen ci lekk lenn lu am lawiir, te
fépp fu ngeen dal, na mburu mu ngeen
mana lekk di mu amul lawiir.»

### *Waajal nañu bésub Mucc ba*

21 Ba loolu amee Musaa woo magi
Israayil ñépp, ne leen: «Demleen tànnali
seeni njaboot ay gàtt, te ngeen rendi gàtt
yooyu, def ko saraxu bésub Mucc ba.
22 Dangeen di jël ab takku cari isob*,
capp ci deret ji ci ndab li, diw ci seen njëël
bunt ak seen ñaari jëni bunt, te bu kenn ci
yeen wees buntu këram ba bët set.
23 Su ko defee, bu Aji Sax jiy wër ci biir
réew mi, di faat waa Misra, ba gis deret ji
taq ci seen njëël bunt ak seen ñaari jëni
bunt, day teggi bunt ba, te du bàyyi
malaakam reykat bi, mu dugg seeni kër, di
reye.
24 «Nangeen sàmmonteek loolu, muy dogal
bu leen war fàww, yeen ak seen askan.
25 Keroog bu ngeen duggee nag ca réew
ma leen Aji Sax ji jox, na mu leen ko dige
woon, nangeen sàmmonteek jooju aada.
26 Te bu leen seeni doom laajee ne leen:
“Lu aada jii di wund?”
27 waxleen ne leen: “Loolu sarax la ñeel
Aji Sax ji ngir bésub Mucc ba, ndax la mu
teggi woon këri bànni Israayil ca Misra,
kera ba muy faat waa Misra te musal ca
sunuy kër.”»
Ba mu waxee loolu ba noppi, mbooloo
ma sujjóot, màggal Yàlla.
28 La Aji Sax ji santoon Musaa ak
Aaróona, noonu rekk la ko bànni Israayil
defe.

### *Yarub fukkeel ba, di deewu taaw ya*

29 Ca xaaju guddi la Aji Sax ji faat
mboolem taawi réewum Misra yu góor,
dale ko ca taaw bu góor bu Firawna, ma
toog ca jal ba, ba ca taaw yu góor yu nit ña
ñu tëj kaso, boole ca lépp luy taaw bu góor
ca jur ga.
30 Firawna nag jóg ca guddi ga, moom
ak dagam yépp ak waa Misra gépp, yuux
gu réy jibe ca Misra, ndax këroo kër, du
genn gu nit deewul.
31 Ba loolu amee Firawna woolu
Musaak Aaróona ca guddi googu, ne leen:
«Ayca! Mott! Soreleen sama waa réew,
yeen ak seeni bokk! Laggleen, jaamuji Aji
Sax ji, li ngeen bëgg.
32 Te itam yóbbaaleleen seen juroo jur, gu
gudd ak gu gàtt, li ngeen bëgg rekk, te ne
mott! Waaye ñaanaaleleen ma seen Yàlla
nag, mu barkeel ma.»

### *Bànni Israayil gàddaay na*

33 Ba mu ko defee waa Misra soññ bànni
Israayil, ngir ñu gaaw génn réew ma, ndax
booba ña nga naan: «Nun ñépp ay dee!»
34 Loolu tax mbooloom Israayil roñ seen
xiiwi sunguf yu amagul lawiir. Ñu ëmb
seen ndabi nootukaay ca seeni malaan,
gàddu.
35 Fekk na bànni Israayil def la leen
Musaa santoon ca waa Misra. Sàkku nañu
ca ñoom ay gànjari xaalis ak wurus aki yére.
36 Aji Sax ji nag def waa Misra nangul
bànni Israayil, ba jox leen la ñu sàkku;
noonu lañu futtee waa Misra.
37 Ci kaw loolu bànni Israayil jóge dëkk
ba ñuy wax Ramses, jëm Sukkót. Ña nga
tollu ci juróom benni téeméeri junniy góor
(600 000) te limaaleesul jigéen ñaak xale ya.
38 Amoon na it mbooloom nit ñu ànd ak
ñoom, te di askan yu raxe, ak jur gu bare,
gu gudd ak gu gàtt.
39 Ñu daldi lakk mburu mu tàppandaar ca
xiiw wu amul lawiir, wa ñu jële Misra. La
taxoon xiiw wa ñàkk lawiir mooy dañu
leena dàqe Misra, ba taluñu woona fàggu
lu ñu lekk.
40 Diir ba bànni Israayil nekk Misra tollu
na ci ñeenti téeméeri at ak fanweer (430).
41 Keroog ca bés, ba ñeenti téeméeri at ya
ak fanweer matee sëkk, ca la ñoñi Aji Sax ji
génn réewum Misra, kuréel ci kaw kuréel.
42 Guddig keroog guddig teewlu la, ñeel
Aji Sax ji, ngir moo leen ca génne réewum
Misra, moo tax guddi googu di gu ñu

* **12.22** ***isob,*** as ngarab la su car ba sëq, ba ñu man koo diwe.

jagleel Aji Sax ji, bànni Israayil gépp war
cee fanaanee teewlu, ñeel Aji Sax ji, ba
fàww.

### *Ay dogali Aji Sax jaa ngii, ñeel bésub Mucc ba*

43 Gannaaw loolu Aji Sax ji dafa wax ak
Musaa ak Aaróona, ne leen: «Li ma dogal ci
saraxu bésub Mucc bi mooy lii. Benn
doxandéem du ci lekk.
44 Waaye bépp jaam bu ñu jënd te mu
xasa xaraf, man na cee lekk.
45 Benn màngaan mbaa liggéeykat bu ñu
bind it du ci lekk.
46 Genn kër lees koy lekke; bu lenn ci
yàpp wi génn kër gi, te deesu ci damm
benn yax sax.
47 Mboolem ku bokk ci bànni Israayil, na
def sarax bi.
48 Su fekkee ne ab doxandéem bu ngeen
dëkkal dafa bëgga wormaal màggalu bésub
Mucc ngir Aji Sax ji, xaraf war na ko, te
war na gépp góor gu bootu ci moom; su
loolu amee, dees na ko may, mu def ko,
ndax kon day mel ni doomu réew mi.
Waaye kenn ku xaraful du ci lekk.
49 Dogal bi benn lay doon, doomu réew
mi ak doxandéem bi dëkk ci seen biir, bokk
ci yem kepp.»
50 La Aji Sax ji santoon Musaak Aaróona,
noonu rekk la ko bànni Israayil defe.
51 Bésub keroog boobee la Aji Sax ji yiwi
bànni Israayil, ñu def kuréel ci kaw kuréel,
génn réewum Misra.

# 13

### *Lu jëm ci aada yi ñuy baaxantale*

1 Aji Sax ji waxaat Musaa, ne ko:
2 «Nanga ma sédde bépp taaw bu góor, nit
ak mala, lépp lu njëkka juddu ci bànni
Israayil, maa moom.»
3 Musaa ne mbooloo ma: «Fàttalikuleen
bésub tey jii ngeen génne Misra, kërug
njaam gi, ak ni leen Aji Sax ji yiwee dooley
loxoom. Bu ci kenn lekk mburu mu am
lawiir.
4 Yeena ngii tey di dem seen yoon ci
weeru Abiib.
5 Kon keroog bu leen Aji Sax ji yóbboo
réewum Kanaaneen ña ak Etteen ña ak
Amoreen ña ak Eween ña ak Yebuseen ña,
fa mu giñaloon seeni maam, ne dina leen
ko jox, réew mu meew maak lem ja
tuuroo, nangeen wormaal màggal gi ci wii
weer te ngeen di ko defe nii.
6 «Diiru juróom ñaari fan ngeen di lekk
mburu mu amul lawiir, te na bésub juróom
ñaareel ba di bésu màggalug Aji Sax ji.
7 Mburu mu amul lawiir ngeen di lekk
diiru juróom ñaari fan; te it bu lenn lu am
lawiir mbaa lawiir sax am fenn ci seen
biir réew.
8 Bu keroogee na ku nekk xamal
doomam, ne ko: “La ma Aji Sax ji
defaloon, ba ma génnee Misra, moo waral
lii tey.”
9 «Na màggal googu di pàttaliku ci yeen.
Na mel ni màndarga mu nekk ci seen loxo
ak seen jë. Su ko defee ngeen saxoo jàngale
yoonu Aji Sax ji, ndax ci dooley loxoom la
leen Aji Sax ji génnee Misra.
10 Nangeen sàmmonteek bii dogal ci
bésam, at mu nekk.
11 «Bu leen Aji Sax ji yóbboo nag réewum
Kanaaneen ña, noonee mu leen ko giñale
woon, yeen ak seeni maam, ba jox leen ko,
12 nangeen sédde Aji Sax ji lépp lu njëkka
juddu, rendil ko ko: lépp luy góor lu seen
jur taawloo, Aji Sax jeey boroom.
13 Waaye lépp lu mbaam-sëf taawloo,
nangeen ko jote ab gàtt, mu wuutu ko. Bu
ngeen ko jotul, nangeen damm loos wi. Te
itam jotleen képp kuy taaw bu góor ci
seeni doom.
14 Su ko defee, bu leen seen doom laajee
ëllëg, ne leen: “Lii lu muy tekki?” ngeen
wax ko ne ko: “Dooley loxol Aji Sax jee nu
génne Misra, kërug njaam ga.
15 Ba Firawna tëwee, bañ noo bàyyi, nu
dem, Aji Sax jee rey mboolem lu doon
taaw bu góor ca réewum Misra, taawu nit
ba ci taawu mala. Looloo waral nuy rendil
Aji Sax ji mépp mala mu njëkka juddu, di
góor, sunu bépp taaw bu góor it, ñu war
koo jote sarax su nu koy rendil.”
16 Na yooyu sarax mel ni màndarga mu
nekk ci seen loxo ak seen jë, di leen fàttali
ni nu Aji Sax ji génnee Misra ci dooley
loxoom.»

### *Aji Sax ji jiite na mbooloo ma*

17 Firawna bàyyi na mbooloo ma, ñu
dem, waaye Yàlla jaaralewu leen ca yoon
wa jëm réewu Filisti, doonte moo gënoona

gàtt. Booba Yàlla dafa xam ne, su mbooloo
ma sóoboo ci ay xare ci woowu yoon,
dañuy yoqi, bay xalaata dëpp, dellu Misra.
18 Moo tax Yàlla wiiriloo mbooloo ma, ñu
jaare ca màndiŋ ma, jëm ca géeju Barax ya.
Ba mu ko defee bànni Israayil fagaru ba
jekk, daldi génn Misra.
19 Musaa nag yóbbaale yaxi Yuusufa, ma
giñloo woon bànni Israayil, ne leen: «Yàlla
dina leen geesu moos, te bu keroogee
nangeen fi jële samay yax, yóbbaale.»
20 Ñu bàyyikoo Sukkót, dal Etam ca wetu
màndiŋ ma.
21 Bu bëccëgee nag Aji Sax ji nekk ci seen
kanam ci biir taxaaru niir, di leen jiite ca
yoon wa, te bu guddee mu nekk ci biir
taxaaru sawara, di leen leeral, ba ñu mana
dem guddi ak bëccëg.
22 Du bëccëg bu niir wa jóge ca kanam
mbooloo ma, te du guddi it gu sawara wa
masa wuute.

# 14

## *Firawna dabi na bànni Israayil*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil, ne leen ñu
walbatiku dali fa jàkkaarlook Pi Axirot, ca
diggante Migdol ak géeju Barax ya.
Dalleen foofa jàkkaarlook Baal Cefon ca
tefes ga.
3 Su ko defee Firawna da naan: “Bànni
Israayil de dañoo réer ci àll bi, ba faf keppu
ci màndiŋ mi.”
4 Gannaaw loolu maay dëgëral boppu
Firawna, mu topp leen, ba ma jaare ca
siiwal sama ndam, ndax maay daan
Firawnaaki xarekatam yépp, te waa Misra
dinañu xam ne, man maay Aji Sax ji.»
Musaa jottali leen ko, ñu def noona.
5 Ba ñu yégalee Firawna buuru Misra, ne
mbooloo ma daw na, mooki dagam dañoo
soppi xalaat ca mbirum bànni Israayil. Ñu
ne: «Waaw nun, li nu def nag? Ana luy
ndeyi yiwi bànni Israayil, ba dootuñu nu
surgawu?»
6 Firawna takklu watiiru xareem, ànd
aki jàmbaaram.
7 Mboolem watiiri xarey Misra la yóbbu,
jiital juróom benni téeméer (600), ya ca
gën, bu ci nekk yeb ay kilifay xarekat*.
8 Aji Sax jee dëgëral boppu Firawna
buuru Misra, mu toppi bànni Israayil, fekk
bànni Israayil ñoom, ña ngay génn réew ma
ci seen teeyug bakkan.
9 Waa Misra topp leen, ñook fasi
Firawna yépp, ak watiiri xareem ak
dawalkatam yaak xarekatam ya, ba dab
leen fa ñu dal ca tefesu géeju Barax ya, fa
jàkkaarlook Baal Cefon ca wetu Pi Axirot.
10 Firawnaa ngay jubsi, bànni Israayil
séentu, yemuñu ci ñu moy waa Misra, ñu
dikk, jubsi leen. Tiitaange ju réy jàpp bànni
Israayil. Ñu woo Aji Sax ji wall.
11 Ci biir loolu ñu ne Musaa: «Xanaa
Misra dafa amul ay sëg, ba nga di nu indi
ci màndiŋ mi, nu deesi fi? Loo nu doon
génnee Misra?
12 Xanaa du lii lanu la waxoon ca Misra?
Noon nanu la, nga bàyyi nu, nu surgawu
waa Misra, ndax surgawu waa Misra moo
nu gënal nu dee ci màndiŋ mi!»
13 Musaa nag ne mbooloo ma: «Buleen
tiit, neleen tekk te xool li Aji Sax jiy def, ba
xettali leen tey jii. Ndax kat waa Misra yii
ngeen di gis nii tey, dootuleen leen gis
mukk.
14 Aji Sax ji moo leen di xeexal, yeen kay
neleen tekk rekk.»

## *Yàlla xàll na géej ga*

15 Ci kaw loolu Aji Sax ji wax Musaa ne
ko: «Loo may woowe wall? Waxal bànni
Israayil, ne leen ñu dem rekk,
16 te yaw nanga yékkati saw yet, tàllal sa
loxo mu tiim géej gi, ba xàll ko, ndax bànni
Israayil mana dox ci suuf su wow, jàll géej
gi.
17 Man nag maay dëgëral boppu waa
Misra, ba ñu dugg, topp leen. Su ko defee
ma siiwal sama ndam, ndax dinaa yar
Firawnaaki xarekatam yépp, boole ci
watiiri xareem aki gawaram.
18 Bu ma dumaa Firawna, boole kooki
watiiram aki gawaram, ba doxe fa siiwal
sama ndam, waa Misra dinañu xam ne
man maay Aji Sax ji.»

* **14.7** ***kilifay xarekat:*** watiiru xare yi, ñaar la daan yeb, kiy dawal ak kiy fitt, waaye bii yoon Firawna da caa tofal njiitu xarekat, mu ñetteel leen.

19 Ci kaw loolu malaakam Yàlla, ma féete
woon xarekati Israayil kanam naka jekk
te di leen jiite, daldi toxu, féete leen
gannaaw. Niir wa leen jiitu woon it
walbatiku, taxaw ca seen gannaaw,
20 dox diggante dalu waa Misra ak dalu
bànni Israayil. Niir waa nga lëndëme genn
wet, wet ga ca des di leer ca guddi ga, ba
tax guddi ga gépp benn dal manula fekki
moroom ma.
21 Gannaaw ga, Musaa tàllal loxoom, mu
tiim géej ga, Aji Sax ji yebal ngelawal
penku lu réy guddi ga gépp, jañaxe ko géej
ga, ndox ya xàjjalikoo, ba suuf su wow feeñ.
22 Bànni Israayil nag dugg ca biir géej ga,
di dox ci kaw suuf su wow, ndox ya ne
sàtt, ñagal leen ndijoor ak càmmoñ.
23 Ba mu ko defee waa Misra daw topp
ca ñoom, fasi Firawna ak watiiri xareem
aki gawaram ànd, ñoom ñépp ne yentem ca
biir géej ga.
24 Ba njël jotee Aji Sax ji dafa tollu ci biir
taxaaru sawara wu ànd aku niir, di xool
xarekati Misra, tiital leen, ñu fëlxoo.
25 Mu boole ca téye mbegey watiir ya, ba
neexatuñoo dawal. Waa Misra ne: «Nan
daw gaaw, ba rëcc bànni Israayil, ndax kat
Aji Sax ji moo leen di xeexal, te moo dal ci
sunu kaw!»
26 Aji Sax ji nag wax Musaa ne ko:
«Tàllalal sa loxo, mu tiim géej gi, ndax ndox
mi délsi, ba sottiku ci kaw waa Misra, ñook
seen watiiri xare ak seeni gawar.»
27 Musaa tàllal loxoom, mu tiim géej ga.
Ba bët di set géej ga dellu na, mel na mu
meloon. Waa Misra di daw, géej ga wal,
dogale leen, Aji Sax ji fél leen, ñu ne ca
menteñ.
28 Ndox ma daa délsi, boole mëdd watiiri
xare yaak gawar ya, mboolem xarekati
Firawna ya leen toppoon ca biir géej ga
rekk. Kenn rëccul.
29 Waaye bànni Israayil ñoom, ci suuf su
wow lañu jaare ca digg géej ga, jàll, ndox
ya ne sàtt, ñagal leen ndijoor ak càmmoñ.
30 Noona la Aji Sax ji xettalee bànni
Israayil bésub keroog ca waa Misra, ñu gis
néewi waa Misra ya ne wetar ca tefes ga.
31 Ba Israayil gisee ni Aji Sax ji jowe
loxoom bu baax ca xareem baak waa
Misra, dañu daldi ragal Aji Sax ji, teg ca
am kóolute ci Aji Sax ji ak ci Musaa,
jaamam ba.

# 15

*Woyu Musaa waak bànni Israayil*

1 Ba loolu amee nag Musaa ak bànni
Israayil woy Aji Sax ji, màggal ko. Ña nga
naan:

«Ma woy Aji Sax ji, ngir ndamam li kawee
kawe.
Fas ak gawaram la fab, xalab géej.
2 Sama doole, sama kaaraange, Ki Sax a;
te mooy sama wall tey.
Mooy sama Yàlla, ji may tagge,
sama Yàllay maam, ji may joobe.

3 «Aji Sax ji jàmbaari xare ji,
Aji Sax jeey turam!
4 Watiiri Firawnaaki xarekatam la fab
sànni géej;
ñeyi xareem ya labandoo ca géeju Barax
ya,
5 xóote ya boole sàng,
ñu ne ca biir menteñ niw doj.

6 «Aji Sax ji, sa kàttanu ndijoor a yéeme!
Aji Sax ji, sa ndijoor a ne noon ba rajax.
7 Sa màggaay gu yéemee nërmeel say noon.
Yaa yebal sa mer, mu ne jippét,
xoyom leen ni boob.
8 Nga wal sag noo, ndox ya tegloo,
wal ma ne sàtt, jaloo jalu,
ndoxi xóotey géej way deeŋ!

9 «Noon baa nga naa: “Maay dàqe, dabe,
lël alal ja, séddale,
séddu, ba xol sedd,
ne saamar boset,
teg leen loxo.”
10 Waaye sa ngelaw nga wal,
géej mëdd leen,
ñu diigandoo ni betteex biir géej
mbàmbulaan!

11 «Ana kuy sa moroom ci tuur yi, yaw Aji
Sax ji?
Kuy sa dend, yaak sa sellaay bu yéeme,
sa yànjaay bu raglook sa jëf yu yéeme?
12 Yaa tàllal sa ndijoor,
suuf wann leen.

13 «Sa ngor nga jiitee mbooloo, mi nga jot,
te sa kàttan nga leen di yóbboo ca sa kër gu
sell.
14 Jàmbur ñay dégg, di rag-ragi,
tiitaange ne taral waa Filisti,
15 kilifay waa Edom jàq,
njiiti Mowab di kat-kati,
mboolem waa Kanaan tiit, ne yasar;
16 tiitaangeek njàqaree ne milib ca seen
kaw.
Sa kàttan a tax ñu mel niw doj, ne yàcc,
ba kera sa ñoñ jàll, Aji Sax ji,
ba kera askan wa nga goreel, jàll,
17 te yaa leen di sampi ca sa tund wa nga
séddoo,
fa nga waajal sa dëkkuwaay, Aji Sax ji,
béreb bu sell ba nga sàkke sa loxol bopp,
Boroom bi.
18 Aji Sax jeey Buur, tey ak ëllëg ba fàww.»
19 Ci kaw loolu fasi Firawna ànd ak
watiiri xareem aki gawaram, tàbbi géej, Aji
Sax ji delloo ndoxi géej ga ca seen kaw,
bànni Israayil ñoom, jaare joor gu wow ca
digg géej ga.

### *Maryaama woy na*

20 Yonent Yàlla Maryaama, jigéenub
Aaróona nag yore tabala, jigéen ñépp topp
ko, génn di fecc, tabala ya jiin.
21 Maryaamaa nga leen di dëbbeel, naa:
«Woyleen Aji Sax ji, ngir ndamam li kawee
kawe.
Fas ak gawaram la fab, xalab géej.»

### *Lu jëm ci ndox mu wex ma*

22 Gannaaw loolu Musaa jële bànni
Israayil géeju Barax ya, ñu wéy, wuti
màndiŋ, ma ñuy wax Sur. Dox nañu ñetti
fan ca màndiŋ ma, gisuñu ndox.
23 Ñu dem, ba àgg fu ñu naan Maara,
waaye manuñoo naan ca ndoxum Maara,
ndax wex. Looloo waral ñu tudde béreb ba
Maara (muy firi Fu wex).
24 Mbooloo ma nag di diiŋat Musaa,
naan: «Ana ndox mu nuy naan nag?»
25 Musaa woo Aji Sax ji wall, Aji Sax ji
won ko dammitu bant, mu sànni ko ca
ndox ma, ndox ma neex.
Foofa la Aji Sax ji dogalal bànni Israayil
ay sàrti yoon ak ndigal, te fa la leen nattoo
itam.
26 Da ne leen: «Bu ngeen farloo ci déggal
seen Yàlla Aji Sax ji, di def li mu rafetlu, di
teewlu tey jëfe ay santaaneem, di sàmm
bépp dogali yoonam, su boobaa duma leen
teg lenn ci jàngoro yi ma tegoon waa Misra,
ndax man maay Aji Sax ji leen di wérloo.»
27 Ci kaw loolu ñu dem ba Elim, fekk fa
fukki bëti ndox ak ñaar, ak juróom ñaar
fukki garabi tàndarma. Ñu dal foofa ca
wetu ndox ma.

## 16

### *Aji Sax ji leel na bànni Israayil*

1 Gannaaw gi, mbooloom bànni Israayil
gépp bàyyikoo fa Elim, dem, ba keroog
fukki fan ak juróom, ca weer wa topp ca
wa ñu génne réewum Misra, ñu doora agsi
màndiŋu Sin diggante Elim ak Sinayi*.
2 Mbooloom bànni Israayil gépp nag di
diiŋat Musaa ak Aaróona ca màndiŋ ma.
3 Ña nga naa leen: «Céy ngalla nun, su
nu sañoon dee, Yàlla moom nu ca réewum
Misra, fa nu daan uufe cini yàpp, ñam wa
ne gàññ, nu suur këll. Yeena nu indi ba ci
màndiŋ mii, ngeen nara xiifloo mbooloo
mii mépp, ba ñu dee.»
4 Ba loolu amee Aji Sax ji wax Musaa ne
ko: «Maa ngi nii di tawal bànni Israayil ñam
wu jóge asamaan, te na mbooloo mi dem
bés bu set, fori njëlu bés ak bés. Ma nattu
leen ci, ba xam ndax dinañu doxe sama
ndigalu yoon am déet.
5 Waaye bu ñu demee ba bésub juróom
benneel ba, ba togg la ñu ca indi, day
tollook ñaar-cay dayo ba ñuy for bés bu
set.»
6 Musaa ak Aaróona nag xamal bànni
Israayil ne leen: «Bu ngoonee dingeen
xam ne, Aji Sax ji moo leen génne réewum
Misra,
7 te bu bët setee dingeen gis manoorey
Aji Sax ji, ndaxte dégg na ngeen di diiŋat
Aji Sax ji, ndax nun kat tekkiwunu dara,
ba ngeen di nu diiŋat.»
8 Musaa teg ca ne: «Moo tax Aji Sax ji
dina leen jox yàpp wu ngeen lekk ngoon,
te bu bët setee mu jox leen ñam wu leen
reggal, ndax Aji Sax jee dégg ngeen di ko

* **16.1** ***Sinayi*** mooy Xoreb ba tey.

diiŋat. Nun lu nu ci? Du nun ngeen di
diiŋat waaye yeen ak Aji Sax ji la.»
9 Ba loolu wéyee Musaa ne Aaróona:
«Waxal mbooloom bànni Israayil gépp, ne
leen ñu dem ba ca kanam Aji Sax ji, ndaxte
dégg na seeni diiŋat.»
10 Naka la Aaróona di wax ak mbooloom
Israayil mépp, ñu jekki ne gees ca màndiŋ
ma, daldi yem ci aw niir, leeru Aji Sax ji di
ca feeñ.
11 Aji Sax ji wax Musaa ne ko:
12 «Dégg naa diiŋati bànni Israayil. Wax
leen ne leen, diggante ngoon ak jant bu so,
dinañu lekk yàpp, te bu bët setee ñu lekk
aw ñam, ba regg, ndax ñu xam ne man Aji
Sax ji, maay seen Yàlla.»

## *Aji Sax ji wàcce na mànn aki picc*

13 Ba ngoon jotee ay picci pĕrëntaan[†]
dikk, fees dal ba. Ba bët setee lay bay wàcc
ca dal ba.
14 Naka la lay ba bàcc, ñu jekki gis lu sew
lale ca màndiŋ ma, def fepp yu sew ca biir,
te mel ni tawub yuur, tege ca suuf.
15 Bànni Israayil gis ko, di wax ca seen
biir naan: «Lii lu mu?» ndax xamuñu
woon lu mu doon. Musaa ne leen: «Lii
mooy ñam wi leen Aji Sax ji jox, ngeen
lekk.
16 Aji Sax ji dafa santaane ne: “Na ku
nekk for lu mat njëlam, bopp bu ne
andaar[‡], te mu natt ko ci limu nit, ñi mu
bokkal xayma.”»
17 Bànni Israayil def noona, ñii for lu
bare, ñee lu néew.
18 Waaye ba ñu ko nattee ci andaar, ña
sàkkoon lu bare amuñu lu ëpp, te ña
sàkkoon lu néew yéeslewuñu. La ñu for dafa
tolloo tembe ak seen njël.
19 Musaa ne leen: «Bu ci kenn wacc dara,
mu fanaan.»
20 Waaye dégluwuñu Musaa, am na ñenn
ca ñoom ñu ca wàññi, fanaanal, mu def ay
sax, xasaw xunn. Musaa nag mere leen.
21 Suba su ñu xëyaan nag, ku nekk for ca
njëlam, ndax bu naaj wa tàngaan, mu seey.

## *Aji Sax ji santaane na bésub Noflaay*

22 Ba bésu juróom benneel ba jotee,
dañoo for lu mat ñaari njël, ku nekk am
ñaari andaar, njiiti mbooloo ma nag dem
yeggeji ko Musaa,
23 mu ne leen: «Loolu la Aji Sax ji wax, te
li muy tekki mooy: ëllëg bésu dallu la, di
bésub Noflaay bu sell ñeel Aji Sax ji.
Lakkleen li ngeen di lakk, baxal li ngeen
di baxal, te lu ci des, ngeen denc ba suba.»
24 Ba ñu dencee la ca des ba ca ëllëg sa,
na ko Musaa santaanee, xasawul,
saxewul.
25 Musaa wax leen ne leen: «Lekkleen li
des tey, ndax tey jii bésub Noflaay la, ñeel
Aji Sax ji, te dungeen ko gis tey ci àll bi.
26 Juróom benni fan ngeen koy for,
waaye bésub juróom ñaareel bay bésub
Noflaay, kenn du ko gis.»
27 Terewul mu am ñu fori ca bésub
juróom ñaareel ba, waaye gisuñu dara.
28 Ca la Aji Sax ji wax Musaa ne ko:
«Waaw yeen nag, dungeen ma noppee
gàntalal samay santaaneek samay ndigali
yoon mukk?
29 Nangeen xam xéll ne, man Aji Sax ji,
maa leen may bésub Noflaay ngir ngeen
noppalu, te looloo tax ma may leen
dundub ñaari fan ci bésub juróom benneel
bi. Kon nag bésub juróom ñaareel ba, na ku
nekk toog fi mu nekk, bu ci kenn génnati fi
mu dëkk.»
30 Ba loolu amee bànni Israayil di
noppalu bésub juróom ñaareel ba.

## *Mànn ma jar naa fàttaliku*

31 Waa kër Israayil nag tudde ñam wa
mànn (muy firi Lii lu mu?). Dafa meloon
ni pepp mi ñuy wax koryanda, te weex, di
saf lu mel ni nàkk bu ànd ak lem.
32 Ci biir loolu Musaa ne: «Aji Sax ji dafa
santaane ne: “Sàkkleen ci andaar, denc
ngir seeni sët ak seeni sëtaat. Su ko defee
ñu gis ñam wi ma leen daan leel ca màndiŋ
ma, gannaaw ba ma leen génnee réewum
Misra.”»
33 Musaa wax Aaróona ne ko: «Fabal
ndab, def ci andaaru mànn, teg ko fi
kanam Aji Sax ji, dencal ko seeni sët ak
seeni sëtaat.»
34 La Aji Sax ji santoon Musaa la
Aaróona def, daldi koy teg ca kanam gaal[§]
gay def àlluway kóllëre ga, ñu denc ko fa.

[†] **16.13** ***picci pĕrëntaan:*** xeetu picc la, muy nirook naat te gën koo tuuti. [‡] **16.16** ***andaar:*** moom lañu tekkee omer ci ebrë, te muy natt buy tollu ci ñaari liitar. [§] **16.34** ***gaal ga:*** seetal ci 25.10-12.

35 Bànni Israayil dunde nañu mànn diiru
ñeent fukki at, ba kera ñu agsee réew mu
ay nit dëkke, gannaaw ba ñu jéggee kemu
réewum Kanaan.
36 Ñu jàpp ne andaar, boo ci amee fukk,
mooy benn efa*.

# 17

## *Ndox balle na ciw doj*

1 Gannaaw loolu mbooloom bànni
Israayil gépp bàyyikoo màndiŋu Sin, di dox
aka taxaw, ci ndigalal Aji Sax ji. Ñu dem
ba Refidim, dal fa. Foofa nag mbooloo ma
amuñu woon ndox mu ñu naan.
2 Ñu jote faak Musaa, naan ko: «Joxleen
nu nag ndox mu nu naan!» Musaa ne
leen: «Ana lu ngeen joteek man? Aji Sax ji
ngeen di seetlu nag?»
3 Mbooloo ma mar na fa, bay xultu ci
kaw Musaa, naan: «Loo nu doon jële Misra
nag, xanaa du boole nu rey ndax mar,
nook sunuy doom ak sunuy gétt?»
4 Ba mu ko defee Musaa woo Aji Sax ji
wall, ne ko: «Nu may def ak mbooloo mii?
Des na tuuti de, ñu dóor ma ay doj, ba ma
dee.»
5 Aji Sax ji ne Musaa «Àndal ak ñenn ci
magi Israayil, nga jaar ci kanam mbooloo
mi, yóbbaale yet, wa nga dóoroon ca dexu
Niil ga. Jël ko te dem.
6 Man dinaa taxaw ci sa kanam ci doj
woowu ca tundu Xoreb. Dóoral ci doj wi,
su ko defee ndox dina ci génne, mbooloo
mi naan.» Musaa def noona ca kanam
magi Israayil ña.
7 Béreb boobu la Musaa woowe Maasa
(muy firi Seetlu). Mu woowe ko itam
Meriba (muy firi ab Jote), ndax joteb bànni
Israayil ba fa amoon, ak na ñu fa seetloo
Aji Sax ji, naan: «Moo, ndax Aji Sax ji mu
ngi ci sunu biir, am déet?»

## *Amalegeen ña xare nañook Israayil*

8 Ba loolu weesoo Amalegeen ña dikk,
xareek bànni Israayil ca Refidim.
9 Musaa ne Yosuwe*: «Tànnal nu ay
xarekat te nga dem xeex ak Amaleg. Ëllëg
dinaa taxaw ca kaw tund wa, yor yetu
Yàlla wi ci sama loxo.»
10 Yosuwe def la ko Musaa wax, di xeex
ak Amaleg. Musaa ak Aaróona ak Ur nag
ànd yéeg ba ca kaw tund wa.
11 Ci kaw loolu saa yu Musaa yékkatee
loxoom, Israayil man, saa yu wàccee loxo
ba, Amaleg man.
12 Musaa nag mujj sonn ndax loxo yu
toqi; ñu jël aw doj, tegal ko, mu toog ca,
Aaróona ak Ur séq ko, ku ci nekk taawu
benn loxo, loxoom ya ne sàtt taxaw, ba
jant so.
13 Ba mu ko defee Yosuwe duma Amaleg
ak mbooloom, leel leen ñawkay saamar.
14 Ba loolu amee Aji Sax ji wax Musaa ne
ko: «Bindal lii xew cib téere, muy pàttali, te
nga xamal Yosuwe ne ko, raafal laay def
askanu Amaleg, ba ñu jeex tàkk, ba
deesatu leen fàttaliku fu asamaan tiim.»
15 Musaa nag sàkk fa sarxalukaay, tudde
ko tur wuy tekki «Aji Sax jeey sama raaya».
16 Booba la wax ne, gannaaw loxoo
ñemee xàcc, jëm ci ngànguney Aji Sax ji†, Aji
Sax ji dootul noppee xareek Amaleg ba
fàww.

# 18

## *Gorob Musaa yedd na Musaa*

1 Yettro sarxalkatu réewum Majan ba,
baayu soxnas Musaa, dafa dégg mboolem
la Yàlla defal Musaa ak bànni Israayil
ñoñam ak ni Aji Sax ji génnee Israayil
Misra.
2 Ci kaw loolu Yettro gorob Musaa, ànd
ak Cipora soxnas Musaa, sa Musaa
yebaloon ca kër baayam,
3 boole kook ñaari doomi Musaa yu góor
ya, kenn ka di Gersom (muy firi
Doxandéem fii), ndaxte Musaa da ne
woon: «Doxandéem laa fii.»
4 Ka ca des mu tudde ko Elyeser (muy
firi Yàlla dimbali na ma), ndax da ne woon:
«Sama Yàllay baay mooy sama ndimbal te
moo ma musal ci saamaru Firawna.»
5 Yettro, gorob Musaa nag yóbbul Musaa
soxnaam aki doomam ba ca màndiŋ ma,
fa Musaa dal ca wetu tundu Yàlla wa.

* **16.36** ***efa,*** ab natt la woon, bu wara tollook ñaar fukki liitar ak ñaar. Seetal ci 33.11.
† **17.16** Manees na koo tekkee nii it: *raayay Aji Sax ji,*
* **17.9** ***Yosuwe*** mooy bëkk-néegu Musaa.

6 Mu yónnee ca Musaa, ne ko: «Man
Yettro, sa goro, maa ñëw fi yaw, ànd ak sa
soxna ak sa ñaari doom yu góor.»
7 Musaa génn gatandu ko, sujjóotal ko,
fóon ko; ñu jàmmante ba noppi, doora dugg
ca xayma ba.

8 Musaa nag nettali goroom mboolem li
Aji Sax ji def Firawna ak waa Misra ndax
Israayil, ak jafe-jafe, ya leen dab ca yoon
wa yépp, ak na leen ca Aji Sax ji xettalee.
9 Yettro bég lool ca la Aji Sax ji def lépp,
ba baaxe Israayil, xettali leen ca nooteelu
waa Misra.
10 Yettro nag ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji
leen xettali ci nootaangey waa Misra ak
nootaangey Firawna, xettaliwaale
mbooloo mi ci nootaangey waa Misra.
11 Léegi nag xam naa ne, Aji Sax jee sut
mboolem tuur yi, ndax la mu def, ba leen
waa Misra toroxalee.»
12 Yettro, gorob Musaa, daldi sàkk
saraxu rendi-dóomal ak yeneen sarax,
jagleel ko Yàlla. Aaróona ak magi Israayil
ñépp dikk, ñu bokk lekk ñook gorob Musaa
fa kanam Yàlla.

13 Ca ëllëg sa Musaa toog, di àtte
mbooloo ma, ñu wër ko suba ba ngoon.
14 Gorob Musaa gis mboolem la Musaa
di defal mbooloo ma. Mu ne ko: «Waaw, ni
ngay jëflanteek nit ñi nag? Lu tax ngay
toog, di àtte yaw rekk, mbooloo mépp wër
la, suba ba ngoon?»
15 Musaa ne goroom: «Li ko waral mooy
nit ñi dañuy dikk, di laaj li dëppook àttey
Yàlla.
16 Bu ñu jotee, dañuy ñëw diis ma ko, su
ko defee ma àtte leen ci mbir mi leen
jotale, ba noppi xamal leen santaaney
Yàlla ak ndigali yoonam.»
17 Goro ba ne ko: «Ni ngay doxale gënul
de!
18 Dangay dàjji sa bopp doŋŋ, dàjji
mbooloo mi, ndax yen bee diis, ba ëpp ci
sa kaw; doo ko àttan yaw rekk.
19 Déglu ma fii, ma digal la, tey ñaan Yàlla
ànd ceek yaw. Danga fee toogal mbooloo
mi ci kanam Yàlla, di diis Yàlla jotey nit ñi,
20 di leen xamal ay santaane aki ndigali
yoon, di leen won fi ñu wara jaare ak li ñu
wara def.
21 Kon nag dangay tànn ci biir mbooloo
mi mépp ay góor ñu mat, ñu ragal Yàlla te
dëggu, boole ci sib alalu ger. Su ko defee
nga tabb leen, ñu yilif ay kuréel yu mat
junniy nit ak yu tollu ci téeméeri nit, ba ci
juróom fukki nit mbaa fukki nit.
22 Nga bàyyi leen nag, ñuy àtteel mbooloo
mi bés bu nekk seeni jote. Su ko defee,
mboolem réeroo bu mag, ñu indil la ko;
mboolem réeroo bu sew nag, ñoom ñu
àtteel ko seen bopp. Noonu ngay woyofale
sab yen, ñu jàppale la ci.
23 Boo defee noonu, te Yàlla ànd ci, dinga
ko mana dékku, mbooloo mii mépp it
mana dellook jàmm ca seeni kër.»
24 Musaa nag topp ndigalu goroom,
daldi def mboolem la mu ko wax.
25 Mu seet ca bànni Israayil gépp, tànn ca
góor ñu mat, fal leen, ñu yilif mbooloo ma:
ñii jiite kuréeli junniy nit; ñii, téeméer; ñii,
juróom fukk; ñii fukk.
26 Ñuy àtte nag mbooloo ma saa su nekk.
Su dee mbir mu lëj, ñu indil Musaa;
mboolem mbir yu sew-sewaan ya, ñoom
ñu àtte ko.
27 Ba loolu weesoo Musaa tàggatook
goroom, mu dellu réewam.

# 19

### *Yàlla xamle na kóllëreem*

1 Keroog benn fan ca ñetteelu weer wa,
gannaaw ba ñu génnee Misra, ca lañu agsi
màndiŋu Sinayi.
2 Fekk na ñu bàyyikoo Refidim, doora
duggsi màndiŋu Sinayi, daldi dal ca
màndiŋ ma. Israayil a nga daloon foofa
janook tund wa.
3 Ba loolu amee Musaa yéeg, jëm ca Yàlla.
Aji Sax ji jaar ci turu Musaa foofa ca kaw,
ne ko: «Nanga wax ak waa kër Yanqóoba te
nanga ma siiwtaaneel ci bànni Israayil
googu, lii ma lay wax:
4 “Yeena gisal seen bopp ni ma def waa
Misra, te yeen, ma boot leen, ni jaxaay di
fireey laafam, boot ay doomam, ba ngeen
jegesi ma fii.
5 Léegi nag su ngeen ma déggalee bu
baax, di sàmm sama kóllëre ak yeen,
yeenay doon sama moomeelu bopp ci

mboolem askan yi. Dëgg la, àddina wërngal
këpp maay Boroom,
6 waaye yeenay doon nguuru sarxalkati
Yàlla, te di xeet wu sell.” Kàddu yooyu ngay
wax bànni Israayil.»
7 Musaa dellu, woolu magi mbooloo ma.
Mu jottali leen mboolem wax jooju ko Aji
Sax ji dénk.
8 Mbooloo ma mépp bokk benn baat,
àddu ne: «Li Aji Sax ji wax lépp dinanu ko
def.» Ci kaw loolu Musaa dem yegge Aji
Sax ji tontal mbooloo ma.
9 Aji Sax ji wax Musaa ne ko: «Ma ne,
dinaa yiiroo niir wu fatt, dikk ba agsi fi
yaw, ngir bu may wax ak yaw, mbooloo
mi di ci dégg, ndax ñu wóolu la ba fàww.»
Ba loolu amee Musaa baamtul Aji Sax ji
tontal mbooloo ma.

### *Yàlla wàcc na ca kaw tundu Sinayi*

10 Gannaaw loolu Aji Sax ji waxaat
Musaa ne ko: «Dellul ca mbooloo ma, ne
leen ñu sangu-set tey ak ëllëg. Nañu fóot
seeni yére,
11 te waajal gannaaw ëllëg, ndax
gannaaw ëllëg man Aji Sax ji maay wàcc ci
kaw tundu Sinayi ci kanam mbooloo
mépp.
12 Sàkkalal mbooloo mi ag kemu fi wër
tund wi, te nga wax leen ne leen:
“Moytuleena yéeg ci kaw tund wi, mbaa
ngeen di laal tund wi fenn. Képp ku laal
tund wi, dees na ko rey.
13 Bu loxo laal kooka, waaye dóorleen
koy doj ba mu dee, mbaa ngeen jam ko. Su
dee nit, su dee mala, bumu dundati.” Bu
liit gi jibee doŋŋ nag lañuy doora mana
dem ba ca tund wa.»
14 Ba loolu amee Musaa wàcc tund wa,
dellu ca mbooloo ma, ne leen ñu
sangu-set, fóot seeni yére
15 ba noppi, mu wax leen ne leen:
«Waajalleen gannaaw ëllëg, te li feek booba,
buleen fi ànd ak jigéen.»
16 Keroog ca gannaaw ëllëg sa, naka la
njël jot, muy dënooka melax, ànd ak aw niir
wu fatt ca kaw tund wa, ak coowal bufta
bu xumb*. Waa dal ba bépp a nga tiit, bay
lox.
17 Musaa daldi jiite mbooloo ma, ñu
génn dal ba, ngir dajejeek Yàlla. Ñu dem ba
ca suufu tund wa, taxaw fa.
18 Fekk na tundu Sinayi wa wépp di
sël-sëleeku saxaar, ndax Aji Sax ja fa wàcc
ci biir sawara. Saxaar saa ngay gilli ni
saxaaru puuru ban, tund wépp di yëngook
doole,
19 bufta ba gëna jolli. Musaa ngay wax,
Yàlla di ko tontoo kàddug dënu.
20 Ba mu ko defee Aji Sax ji wàcc ca
tundu Sinayi wa, ca njobbaxtalu tund wa.
Aji Sax ji nag woo Musaa foofa, ca
njobbaxtal ga, Musaa dellu yéeg.
21 Aji Sax ji ne ko: «Wàccal, artu mbooloo
mi, ndax ñu baña bëtt, di ma deñsi kumpa;
lu ko moy ñu bare ci ñoom dinañu dee.
22 Te it sarxalkat yi may jege, man Aji
Sax ji, dañoo wara sellal, bala may dal ci
seen kaw.»
23 Musaa wax Aji Sax ji ne ko: «Mbooloo
mi kat manuñoo yéeg tundu Sinayi, ndax
yaw ci sa bopp artu nga nu, ne nu, nu sàkk
ag kemu fi wër tund wi, te nu xam ne tund
wu sell la.»
24 Aji Sax ji ne ko: «Wàccal te délsi, ànd ak
Aaróona. Waaye muy sarxalkat yi, di
mbooloo mi, bu kenn bëtt, jëm ci man Aji
Sax ji, lu ko moy ma dal ci seen kaw.»
25 Ba loolu amee Musaa wàcc, fekki
mbooloo ma, wax ak ñoom.

## 20

### *Kóllëre gi laaj na ay sàrt*

1 Yàlla wax na bànni Israayil kàddu yii
yépp, ne leen:
2 «Man Aji Sax ji, maay seen Yàlla ji leen
génne réewum Misra, kërug njaam ga.
3 «Buleen am yeneen yàlla ci sama
kanam.
4 «Buleen sàkkal seen bopp tuur muy
jëmmal lenn lu nekk ci kaw asamaan,
mbaa ci kaw suuf, mbaa lu nekk ci ndox
mu suuf tiim.
5 Buleen ci sujjóotal lenn, buleen ci
jaamu lenn, ndax man seen Yàlla Aji Sax ji,
Yàlla ju fiir laa. Maay topp doom tooñu
waajur, ba ca seen maasi sët, ba ca
maasug sëtaati nit ñi ma bañ.

* **19.16** ***bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

6 Waaye maay baaxe ñi ma sopp, di
sàmm samay santaane, ba ci junniy maas
ya toppante.
7 «Buleen tudd seen turu Yàlla Aji Sax ji ci
neen, ndax Aji Sax ji du ñàkka topp kuy
tudd aw turam ci neen.
8 «Deeleen baaxantal bésub Noflaay, ngir
sellal ko.
9 Juróom benni fan ngeen wara liggéey,
def ci seen soxla yépp.
10 Waaye bésub juróom ñaareel ba,
Noflaay lay doon, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji.
Buleen ci liggéey lenn; du yeen, du seen
doom ju góor ak ju jigéen, du seen jaam bu
góor ak bu jigéen, du seenug jur, te du seen
gan gu nekk ci seen biir dëkk.
11 Ndax man Aji Sax ji, juróom benni fan
laa sàkk asamaan ak suuf ak géej ak lépp li
ci biir, bésub juróom ñaareel ba, ma dallu.
Moo tax man Aji Sax ji ma barkeel bésub
Noflaay, sellal ko.
12 «Teralleen seen ndey ak seen baay,
ndax ngeen gudd fan ca suuf sa leen seen
Yàlla Aji Sax ji jox.
13 «Buleen bóom.
14 «Buleen njaaloo.
15 «Buleen sàcc.
16 «Buleen seedeel seen moroom lu dul
dëgg.
17 «Buleen xemmem seen lennu
moroom: du këram, du jabaram, du
jaamam bu góor, du jaamam bu jigéen, du
nagam, du mbaamam.»

### *Mbooloo ma dagaan na ab jottalikat*

18 Mbooloo mépp a nga teew, ba muy
dëgg melax, ànd ak coowal bufta baak
tund way saxaar. Ñu gis loolu, di kat-kati,
dànd fu sore.
19 Ci kaw loolu ñu ne Musaa: «Yaw,
waxal ak nun, nu dégg, waaye bu Yàlla ci
boppam wax ak nun, lu ko moy nu dee.»
20 Musaa ne mbooloo ma: «Buleen ragal,
ndax nattu leen moo tax Yàlla ñëw, ngir
ngeen ragal ko, ba dungeen moy.»
21 Noonu la mbooloo ma taxawe, dànd
tund wa. Mennam Musaa moo jegeji niir
wu fatt wa Yàlla nekkoon.

## Téereb kóllëre gi

*(Saar 20.22–24.18)*

### *Ay dogal a ngi, yu jëm ci ab sarxalukaay*

22 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Li
ngay wax bànni Israayil mooy lii: “Yeena
ko gisal seen bopp. Ca asamaan sax laa
àddoo, wax ak yeen.
23 Buleen sàkkal seen bopp ay tuuri
xaalis, mbaa ay tuuri wurus, di ma
bokkaale, bumu am mukk.
24 Sarxalukaay bu ñu defare suuf ngeen
may sàkkal, di ci sarxal seeni gàtt ak seeni
nag, muy seen saraxu rendi-dóomal, mbaa
seen saraxi cant ci biir jàmm. Ci mboolem
béreb bu may fàttalee sama tur laay dikk fi
yeen, barkeel leen.
25 Su ngeen ma dee sàkkal sarxalukaayu
xeer, buleen ko defare xeer yu ñu yatt,
ndaxte bu ngeen ko laalalee ab
jumtukaay, teddadil ngeen ko.
26 Buleen yéeg ci ay dëggastal, doora
mana àgg ca sama sarxalukaay, ndax
loolu day tax ngeen di fa sàgganu.”»

## 21

1 Aji Sax ji teg ca ne: «Àttey yoon yii,
nanga leen ko jox.

### *Lu jëm ci Ebrë yiy ay jaam*

2 «Su ngeen jëndee jaam bu góor bu dib
Ebrë, na liggéey juróom benni at. Juróom
ñaareel ba lay moom boppam te du ameel
kenn dara.
3 Su fekkee ne ba muy dugg cig njaam,
moom doŋŋ la woon, moom doŋŋ ay
moom boppam bu ca génnee; su ko fekkee
mu am jabar, na jabaram ànd ak moom,
ñu moom seen bopp.
4 Su fekkee ne sangam a ko may jabar,
ndaw si am ak moom ay doom, jabar jeek
doomam yu góor mbaa yu jigéen, sang bee
leen di moom. Moom ci boppam doŋŋ ay
moom boppam.
5 Waaye su jaam bi biralee ne: “Maa
bëgg sama sang, maak sama jabar ak
samay doom, te bëggumaa moom sama
bopp”,
6 su boobaa na ci sang bi sàkku seede
àttekat yi. Su ko defee mu sësal waa ji ci
lafu bunt bi mbaa jënu bunt bi. Foofa lay
bënne noppu waa ji ab puso, mu daldi
doon ab jaamam giiru dundam.

7 «Su fekkee ne góor dafa jaay doomam
ju jigéen njaam, deesu ko mana goreel ni
bu doon góor.
8 Su ko sangam jëndee, def ko jabar, ba
noppi bëggatu ko, na fexe ñu feyal ndaw si
ag njotam, waaye amul sañ-sañu jaay ko
ay doxandéem, ndax loolu wor la.
9 Su fekkee ne da koo jëndal doomam ju
góor, na jëfeek moom, na mu dëppook
wareefu doom ju jigéen.
10 Ki jënd as ndaw, def ko jabar nag, su
takkee keneen it, warula wàññi la mu
warlook jaam ba mu def jabar ci wàllu
dund ak koddaay ak séy ak moom.
11 Su ko sang ba matalul ñett yooyii nag,
day moom boppam, dem te du fey dara.

## *Lu jëm ci lor sa moroom*

12 «Ku dóor nit, rey ko, dee rekk mooy
àtteem.
13 Su dul woon pexe mu mu lal, xanaa
mu fekk Yàlla yemale nit ki ciy loxoom,
dinaa leen won béreb bu muy daw, làquji
fa.
14 «Waaye nag, su nit fexeelee
moroomam, nax ko, ba rey ko, su làqoo
woon sama sarxalukaay sax*, jàppleen ko,
rey.
15 «Ku dóor baayam mbaa ndeyam, dee
rekk mooy àtteem.
16 «Ku sàcc nit, dee rekk mooy àtteem,
moo xam da koo jaay, mbaa ñu fekk ko ci
ay loxoom.
17 «Ku saaga baayam mbaa ndeyam, dee
rekk mooy àtteem.
18 «Su ay nit jàppantee, kenn ki dóor
moroom ma loxoom mbaa aw doj, su ca
deewul, te ab tëraayam sababoo ca,
19 su ci jógee mana génn ci biti, jàpp ciw
yet sax, di dox, deesul daan ki ko dóor,
waaye dina dàmp ki mu dóor ngir li mu
tëdd liggéeyul, ak li pajam laaj.
20 «Ku dóor yet jaamam bu góor mbaa bu
jigéen, ba mu dee ciy loxoom, dees na ko
feyul moos.
21 Waaye su jaam ba dundee ba ca ëllëg
sa, mbaa gannaaw ëllëg sa, deesu ko feyul
ndaxte moomeelu sangam la.
22 «Su ay góor dee jàppante, ba kenn ci
ñoom dal ci jigéenu wérul, ba liir bi génn,
bu ci genn loraange toppul, dees na feyloo
moos ki dal ci kawam, ndàmpaay li jëkkër ji
laaj, te ña leen di àtte juboo ca limu pey ga.
23 «Waaye su ci loraange sababoo nag, na
bakkan fey bakkan,
24 bët fey bët, bëñ fey bëñ, loxo fey loxo;
tànk fey tànk,
25 lakk-lakk fey lakk-lakk, tëccu-tëccu fey
tëccu-tëccu, góom fey góom.
26 «Ku dóor ab jaamam bu góor mbaa bu
jigéen, ba tuur bëtam, na ko goreel ndax
bët ba.
27 Su foqee bëñu jaamam bu góor mbaa
bu jigéen, na ko goreel ndax bëñ ba.
28 «Su aw nag dañee góor mbaa jigéen, ba
rey ko, dóorleen nag wi ay xeer ba mu dee,
te buleen lekk yàpp wi, waaye boroom nag
wi, yoon toppu ko.
29 Su fekkee ne nag wi da daan dañe, ñu
yégaloon ko boroom, wattuwu ko, ba nag
wi rey góor mbaa jigéen, dóorleen nag wi
ay xeer, ba mu dee, te teg ci rey boroom
nag wi.
30 Su fekkee ne dees koo sas ndàmpaay,
na fey lim bu ñu ko mana sas, muy
njot-gi-bakkanam.
31 Ba tey itam, su nag wi dañee xale, ba
mu dee, muy góor mbaa jigéen, na àtte biy
benn rekk ci boroom nag wi.
32 Su nag wi dañee ab jaam ba mu dee,
muy góor mbaa jigéen, na boroom nag wi
fey boroom jaam bi fanweeri dogi xaalis,
te nañu dóor nag wi ay xeer, ba mu dee.
33 «Su fekkee ne nit dafa ubbi kàmb gu
ube woon, mbaa mu gas kàmb, wacc ko
mu ne ŋàpp, ba nag mbaa mbaam daanu
ci,
34 na boroom kàmb gi fey; day delloo
boroom mala mi njëgu mala mi, daldi
féetewoo mala mi ci dee.
35 «Su nagu nit jamee nagu moroomam,
ba mu dee, nañu bokk jaay nag wiy dund,
séddoo njëg gi, te séddoo nag wi dee.
36 «Waaye su fekkee muy nag wu ñu xam
ne da daan dañe, te boroomam ñàkk koo
wattu, boroomam day feye nag wi dee aw
nag wuy dund, daldi féetewoo wi dee.

* **21.14** Jàpp ca sarxalukaay ba ca kër Yàlla ga, nit daan na ko def, di ko sàkkoo rawale bakkanam.

37 «Ku sàcc aw nag mbaa ab gàtt, rey ko mbaa mu jaay ko, na feye wenn nag, juróomi nag; benn gàtt, mu feye ko ñeenti gàtt.

# 22

## *Yoonu Aji Sax ji ñoŋal na alalu nit*

1 «Su fekkee dañoo jàpp ab sàcc guddi, muy toj kër jàmbur, bu ñu ko dóoree, ba mu dee, deesul topp ki dóor, bakkanu sàcc bi,

2 waaye su jant xasee fenk, dees na ko topp bakkanam.

«Ab sàcc nag, bu ñu ko jàppee, na delloo li mu sàcc rekk. Su fekkee amu ko, dees koy jaay njaam, ndax càcc gi.

3 «Su dee ku sàcc mala, muy nag mbaa mbaam mbaa ab gàtt, te ñu fekk ko ciy loxoom, muy dund, na fey ñaaram.

4 «Ku wacc sag jur, mu ruur toolub jàmbur, ba lekk toolam mbaa tóokëru reseñam, na tànn li gën ci meññeefum toolu boppam mbaa tóokëru reseñam, dàmpe ko boroom tool bi mu lor.

5 «Su fekkee ne dañoo taal sawara, mu jàpp cib ñag, lakkaale pepp mu jóore, mbaa pepp mu ñor mu ñu góobagul, mbaa mu ñoragul, ka taal sawara wa mooy xala fey li lakk.

6 «Su nit dénkee moroomam xaalis, mbaa alal, ñu sàcce ko ci kër ki denc, te ñu jàpp sàcc bi, na sàcc bi fey ñaari yoon la mu sàcc.

7 Su ñu ko jàppul nag, na boroom kër gi sàkku seede àttekat yi, te waat ne, du moom ci boppam moo aakimoo alalu moroomam.

8 Saa yu ay nit jotee ci mbirum nag mbaa mbaam mbaa gàtt mbaa yére, mbaa lu réer lu mu doon, ñaar ñi solowoo alal ji, muy mala mbaa leneen, nañu yóbbu mbir mi fi kanam àttekat yi. Ku ci àttekat yi teg tooñ, na fey moroom mi ñaari yoon.

9 «Su nit dénkee moroomam mbaam mbaa nag mbaa gàtt mbaa mala mu mu mana doon, su jur gi deewee mbaa mu damm, mbaa ñu sàcce ko àll te amul seede,

10 li leen di àtte ngiñ lay doon ci Aji Sax ji. Na ka dencoon mala ma giñ ne jëlu ko. Na boroom mala mi it nangu ngiñ li. Ki dencoon du ko fey dara.

11 Waaye su ñu sàccee mala mi ci këram, moom mi dencoon mooy delloo boroom.

12 Su fekkee ne rabu àll a fàdd mala mi, na indi li ci des, muy firnde. Su boobaa du fey dara.

13 Su nit àbbee juru moroomam, jur ga damm mbaa mu dee fu boroom nekkul, na ki àbboon fey.

14 Waaye su ko boroomam fekkee, du laaj muy fey. Su fekkee ne dafa bindoon mala mi ci boroom, di ko fey, na boroom féetewoo njëg, ga ñu binde woon mala mi, muy peyam.

## *Yoonu Aji Sax ji rafetal na dundin*

15 «Su góor naxee ab janq bu kenn joxagul warugar, ba tëdde ko, na fey warugaram, muy jabaram.

16 Su fekkee ne baayam dafa lànk, ne du ko ko may it, du tere mu wara fey ci xaalis lu tollook warugaru janq.

17 «Ab xërëmkat bu jigéen, buleen ko bàyyi, mu dund*.

18 «Képp ku tëdde mala, dee rekk mooy àtteem.

19 «Kuy sarxeel jeneen yàlla ju dul Aji Sax ji moom rekk, dees koy faagaagal.

20 «Ab doxandéem, buleen ko lor, buleen ko noot, ndaxte yeen itam ay doxandéem ngeen woon fa réewum Misra.

21 «Képp ku dib jëtun akub jirim, buleen ko néewal.

22 Bu ngeen leen néewalee déy, bu ñu yuuxoo, woo ma wall, dinaa dégg seen yuux moos.

23 Su boobaa sama mer dina tàng, ma reye leen saamar, seeni jabar diy jëtun, seeni doom diy jirim.

24 «Bu ngeen dee lebal ku bokk ci sama ñoñ, di néew-ji-doole ju ngeen dëkkal, buleen def ni ab leblekat, di ko sas ab tegandaay.

25 «Su ngeen nangoo mbubbam tayle ci seen dëkkandoo, dellooleen ko ko bala jant a so.

26 Moom doŋŋ la am ci yére, di ko sànge yaramam; su ko ñàkkee, lu muy sàngoo ba tëdd? Te su ma woowee wall kat, dinaa ci dégg, ndax man Boroom Yërmande laa.

* **22.17** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.26, 31.

27 «Man Yàlla, buleen wax lu ñaaw ci man,
te seen kilifag askan, buleen wax lu bon ci
moom.
28 «Li tuuroo ci seen sàq yu fees, ak li
wale ci seen nalukaay yu rembat, sama
cér la; buleen ko yeexe, te seen taaw yu
góor it, man ngeen leen di sédde.
29 Seen jur gu gudd ak gu gàtt itam, naka
noonu. Juróom ñaari fan lay nekk ak
ndeyam, bésub juróom ñetteel ba, ngeen
jox ma ko.
30 Te itam nit ñu sell ngeen wara doon,
ñeel ma, kon nag yàppu mala mu ñu fàdde
ci àll bi, buleen ko lekk; sànnileen ko xaj yi.

# 23

*Àtte laaj na njub ak yërmande*
1 «Buleen siiwal ay fen; buleen lëngoo ak
tooñkat, ngir doon seedeb naaféqam.
2 Buleen seet fi mbooloo gëna baree,
ngeen topp leen ci jëf ju bon; te it buleen
jeng, di topp mbooloo mu gëna bare ci ab
layoo, di leen seedeel lu toxal dëgg.
3 Néew-doole bi it, buleen ko far cib
layoo.
4 «Su ngeen dajeek seen nagu noon
mbaa mbaamam mu réer, fexeleen ba
delloosil ko ko.
5 Su ngeen gisee seen mbaamu noon mu
ab sëf daaneel, buleen ko romb;
dimbalileen seen noon, yékkatilleen ko ko.
6 «Buleen jalgati àqu néew-ji-doole cib
layoom.
7 Kàddu gu dëgguwul, soreleen ko, te ku
deful dara ak ku jub, buleen ko reylu,
ndax nit ku bon, duma ko àtte mukk àtteb
ku jub.
8 Alali ger nag buleen ko nangu, ndax
ger day gumbaal njàccaar, di xañ aji jub
dëgg.
9 «Ab doxandéem, buleen ko noot; yeen
ci seen bopp, jaar ngeen ci ndoxandéem,
ndax ay doxandéem ngeen woon ca
réewum Misra.

*Lu jëm ci bési Noflaay*
10 «Diiru juróom benni at ngeen di ji seen
tool, for li ci meññe;
11 waaye atum juróom ñaareel ma,
booyalleen tool bi, noppal ko; seen
néew-dooley askan wi man cee lekk, li ci
des, rabi àll yi for ko. Seen toolub reseñ ak
seen tóokëru oliw itam, naka noonu.
12 «Diiru juróom benni fan ngeen di
liggéey, waaye bésub juróom ñaareel ba,
noppalu leen, ndax seen nag ak seen
mbaam mana noppalu, seen jaam bu
juddu ci kër ga akub doxandéem it mana
astandiku.
13 «Li ma leen wax lépp sàmmleen ko, te
turi yeneen yàlla, buleen ko tudd; bumu
jibe sax seen gémmiñ.

*Lu jëm ci bési màggali Israayil*
14 «Ñetti yoon cim at ngeen may jagleel
màggal.
15 Màggalu Mburu mu amul lawiir,
wormaalleen ko. Diiru juróom ñaari fan
ngeen ciy lekk mburu mu amul lawiir ni
ma leen ko sante, saa yu jamonoom jotee
ci weeru Abiib, ndaxte ci ngeen génn
Misra. Te itam buleen taxawe loxoy neen
ci sama kanam.
16 Wormaalleen màggalu ayu bésu Ngóob
mi njëkka ñore ci tool yi ngeen di bey, ak
màggalu Farmàngu mi ci ndeetel at mi,
gannaaw bu ngeen dajalee seen meññeef
ba noppi.
17 Ñetti yoon cim at la seen góor ñépp di
teew fi kanam Boroom bi Aji Sax ji.
18 «Buleen ma rendil benn sarax, di boole
deret jeek lu am lawiir, te nebbonu gàtt bu
ngeen ma sarxal ci sama màggal, bumu
fanaan ba bët set.
19 «Ngëneeli meññeef ma njëkka ñore ca
seen suuf, moom ngeen di yóbbu seen kër
Yàlla Aji Sax ji.
«Ab tef, buleen ko togge soowum
yaayam.

*Yàlla yeb na bànni Israayil*
20 «Te nag man ci sama bopp, maay
yebal malaaka, mu di leen sàmm ci yoon
wi, ba yóbbu leen béreb ba ma waajal.
21 Bàyyileen ko xel bu baax, déggal ko te
bañ koo merloo, ndax du leen baal seen
moy, ngir sama tur la taxawe.
22 Waaye su ngeen ko déggalee ba déggal
ko, di jëfe li ma leen wax lépp, su boobaa
ma noonoo seeni noon, bañ seeni bañaale.
23 «Bu leen sama malaaka jiitoo, ba
yóbbu leen ca réewum Amoreen ña ak
Etteen ña ak Periseen ña ak Kanaaneen ña

ak Eween ña ak Yebuseen ña, ba ma faxas
leen ñoom ñépp,
24 su boobaa buleen sujjóotal mukk
seeni tuur, di leen jaamu, mbaa ngeen di
roy seeni aada, waaye yàqateleen seeni
tuur te toj tasar seen tuuri doj ya fa sampe.
25 Jaamuleen ma, man seen Yàlla Aji Sax
ji, ma barkeel seen dugub ak seen ndox,
boole ci jële wopp ci seen biir.
26 Su ko defee du kenn ku ëmbam di yàqu,
mbaa mu tëlee am doom ci seenum réew,
te maay matal sëkk seen limu fan.
27 «Tiitaange laay yebal, mu jiitu leen.
Maay tiital mboolem xeet wu ngeen fekki,
te maay def seen noon yépp won leen
gannaaw.
28 Maay yebal mbas mu leen jiitu, dàqal
leen Eween ñi ak Kanaaneen ñi ak Etteen
ñi.
29 Waaye duma leen dàqandoo ci menn
at, lu ko moy réew mi gent, rabi àll yi mujj
bare lool ci seen kaw.
30 Ndànk-ndànk laa leen leen di dàqal, ba
kera ngeen di yokku, ba nangu réew mi.
31 «Maa leen di dogal kemug suuf gu dale
géeju Barax yi, ba géeju waa Filisti, daleeti
ca màndiŋ ma, ba ca dexu Efraat, ndax
maay teg waa réew mi ci seeni loxo, ngeen
dàq leen.
32 Buleen wóllëranteek ñoom, buleen
wóllëranteek seeni tuur.
33 Buñu dëkke seenum réew, lu ko moy
muy seen ndëgg-sërëx; ndax dañu leen di
xiir ci moy ma, ba ngeen jaamu seeni
tuur.»

# 24

## *Yàlla fasoo na kóllëre ak bànni Israayil*

1 Mu neeti Musaa: «Yéegal ñëw fi Aji Sax
ji, yaw ak Aaróona ak Nadab ak Abiyu ak
juróom ñaar fukki magi Israayil, te ngeen
sujjóote nee, dànd ma.
2 Su ko defee yaw rekk yaay dikk, ba
jege ma, man Aji Sax ji, waaye ñi ci des
buñu jegesi, te it bu mbooloo mi yéegandoo
ak yaw.»
3 Musaa dem, yeggeji mbooloo ma
kàdduy Aji Sax ji yépp, ak àttey yoonam
yépp. Mbooloo ma mépp bokk benn baat,
ne ko: «Li Aji Sax ji wax lépp dinanu ko
def.»
4 Ba loolu weesoo Musaa bind na
mboolem kàdduy Aji Sax ji. Mu xëy nag
suba teel, daldi sàkk ab sarxalukaay ca
suufu tund wa, sampaale fa fukki doj ak
ñaar, ñeel fukki giiri Israayil yaak ñaar.
5 Ba mu ko defee mu yebal ay ndawi
bànni Israayil, ñu def ay saraxi
rendi-dóomal, boole ci rendi yëkk yu ndaw
yu ñu def saraxi cant ci biir jàmm, ñeel Aji
Sax ji.
6 Musaa jël genn-wàllu deret ja, sotti ci
ay ndab, la des ca deret ja, mu xëpp ko ca
sarxalukaay ba.
7 Ba loolu amee mu jël téere ba ñu bind
kóllëre ga, jàngal ko mbooloo ma, ñuy dégg.
Mbooloo ma ne ko: «Li Aji Sax ji wax lépp
dinanu ko def, ba mu mat sëkk.»
8 Musaa jël deret ja, wis-wisal ca kaw
mbooloo ma, ne leen: «Lii nag mooy deret
ji Yàlla fase kóllëre gi mu séq ak yeen te mu
aju ci mboolem kàddoom yii.»
9 Ba loolu amee Musaa yéeg, ànd ak
Aaróona ak Nadab ak Abiyu ak juróom
ñaar fukki magi Israayil.
10 Ñu daldi gis Yàllay bànni Israayil. Lu
mel ni dëru per bu safiir a nga lal tànkam
ya, mel ni asamaan, ndax na mu sete
wecc.
11 Waaye njiiti bànni Israayil ña, loxol
Yàlla dalu leen. Ñoo gis Yàlla, te gannaaw
loolu lekk nañu, naan nañu.

## *Musaa yéeg na ca tund wa*

12 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Yéegal
ba ci man ci kaw tund wi te négandiku fa,
ma jox la àlluway doj yi ak yoon wi, ak
santaane yi ma ci bind ngir jàngale ko.»
13 Musaa daldi jóg, mook Yosuwe,
bëkk-néegam. Musaa nag yéeg ca tundu
Yàlla wa.
14 Fekk na mu wax mag ña ne leen:
«Xaarleen nu fii, ba nu délsi. Aaróona ak Ur
a ngi nii ak yeen; ku ci am mbir mooy
àttelu, demal ci ñoom.»
15 Ba Musaa yéegee ca kaw tund wa, niir
wa daa yiir tund wa,
16 leeru Aji Sax ja dal ca kaw tundu
Sinayi, niir wa yiir tund wa diiru juróom
benni fan. Bésub juróom ñaareel ba Aji Sax
ji àddoo ca digg niir wa, woo Musaa.

17 Melow leeru Aji Sax jaa ngay nirook
sawara wuy tàkk ca njobbaxtalu tund wa,
bànni Israayil di gis.
18 Musaa yéeg ca kaw tund wa ba tàbbi
ca biir niir wa, di wéy. Musaa nekk na ca
kaw tund wa ñeent fukki guddi ak ñeent
fukki bëccëg.

## Lu jëm ci jaamookaay bi

# 25

*(Saar 25.1–27.19)*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen, ñu indil
ma ab saraxu njébbal. Ci képp ku am yéene
ji, ngeen di jële li ñu may jébbal, indil ma
ko.
3 Li ngeen di jële ci ñoom di wurus ak
xaalis ak xànjar,
4 ak wëñ gu baxa te laal yolet ak wëñ gu
xewar ak gu xonq curr ak wëñu lẽe, ak
kawari bëy
5 ak deri kuuy yu ñu wulli, sóob ko
xonqal, ak deri piipi[*] ak banti séng[†],
6 ak diwu oliw gu ñuy taaloo, ak ndàbb
luy xeeñal diwug pal[‡], di xeeñal cuuraay,
7 ak ay peri onigsë, ak yeneen per yu ñuy
tapp ci xar-sànnim sarxalkat bu mag ba ak
kiiraayal dënnam.
8 Na ma bànni Israayil defaral béreb bu
sell, ndax ma dëkk ci seen biir.
9 Na lépp dëppoo ak li ma lay won. Muy
misaalu xaymab jaamookaay bi, di
misaalu mboolem ay jumtukaayam, lépp
defeleen ko noonu.

### *Lu jëm ci gaal giy def àlluway seede si*

10 «Defarleen gaalu dénku séng, guddaay
bi di ñaari xasab[§] ak genn-wàll,
yaatuwaay bi di xasab ak genn-wàll;
taxawaay bi di xasab ak genn-wàll.
11 Nañu ko xoobe wurusu ngalam. Biir
ak biti lañu koy xoobe wurus, sàkkal ko
kéméju wurus gu ko wër.
12 Móolalal gaal gi ñeenti lami wurus yu
ñuy takk ci ñeenti tànk yi; ñaari lam ci genn
wet gi, ñaar, wet gi ci des.
13 Yattlul ay njàppuy bantu séng te nga
xoob bu ci nekk wurus.
14 Su ko defee nga roof njàppu yi ci lam
yi ci weti gaal gi, ngir ñu di ko yóbboo gaal
gi.
15 Ci lami gaal gi la njàppu yiy des te bañ
cee jógeeti.
16 Yebal ci gaal gi àlluway seede si ma lay
jox.
17 «Defarlul kubeer gu ñuy awale njotlaay
gu wurusu ngalam ngir gaal gi. Na
guddaay bi di ñaari xasab ak genn-wàll,
yaatuwaay bi di xasab ak genn-wàll.
18 Tëgglul ñaari jëmmi malaakay serub yu
wurus te nga féetale leen ak ñaari cati
kubeeru njotlaay ga.
19 Defal cat lii ab serub, cat lee ab serub
te nanga móolaale kubeer gi ak serub yi ci
ñaari cat yi, ñu ànd di benn.
20 Na serub yi tàllal seeni laaf, jëme kaw
te nañu yiire kubeeru njotlaay gi seeni
laaf. Nañu janoo, te na seeni kanam
jublook kubeeru njotlaay gi.
21 Tegal kubeeru njotlaay gi ci kaw gaal
gi, gannaaw boo ci yebee àlluway seede si
ma lay jox.
22 Foofa laay dajeek yaw; fa tiim
kubeeru njotlaay ga, ca diggante ñaari
serub ya ca kaw gaalu seede sa, fa laa lay
waxe mboolem lu ma lay sant, ñeel bànni
Israayil.

### *Lu jëm ci taabalu mburum teewal mi*

23 «Defarlul taabalu bantu séng, guddaay
bi di ñaari xasab, yaatuwaay bi di xasab,
taxawaay bi di xasab ak genn-wàll.
24 Xoob ko wurusu ngalam te defal ko
kéméju wurus gu ko wër.
25 Defal ko pegg bu ko wër bu tollu ci
ñeenti baaraam, te sàkkal pegg ba kéméju
wurus, wërale ko.
26 Defarlul ko ñeenti lami wurus te we
lam ya ca ñeenti wet ya, fa fareek ñeenti
tànk ya.
27 Na lam yi dendeek pegg ngir mana
téye njàppu yi ñuy yóbboo taabal ji.

[*] **25.5** ***piipi,*** rabu géej la, bu der ba nooy te ndox du ko dugg. [†] **25.5** ***séng:*** am na ñu koy woowe akasiya. Am na geneen garab gu xeetoo ak moom muy kàdd. [‡] **25.6** ***diwug pal*** mooy li ñuy diwe sarxalkat, buur mbaa yonent ngir tabb leen ci seen liggéey. [§] **25.10** ***xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

28 Yattlul ay njàppu yu bantu séng, nga
xoob njàppu yi wurus, ñu di ko yóbboo
taabal ji.
29 Sàkkal ko ay ndabam yu tell aki
mbàttoom aki njaqam, ak këllam yi ñuy
tuural Yàlla. Te wurusu ngalam ngay def
lu ci nekk.
30 Tegal mburum teewal mi ci kaw
taabal ji, mu nekk ci sama kanam ba fàww.

## *Lu jëm ci tegukaayu làmp bi*

31 «Defarlul tegukaayu làmp bu wurusu
ngalam. Tegukaay ba, dees koy tëgg. Na
taatu tegukaay ba ak per ba ànd aki
kaasam aki kàmbóotam aki mbaram, lépp
di benn.
32 Juróom benni car a soqikoo ci weti
tegukaayu làmp bi, ñetti car ci gii wet, ñett
ci gi ci des.
33 Benn car day am ñetti kaas yu bindoo
ni tóor-tóori garabu amànd*, kaas bu ci
nekk ànd ak ay kàmbóotam aki mbaram,
car ba ca topp am ñetti kaas yu bindoo ni
tóor-tóori garabu amànd, kaas bu ci nekk
ànd aki kàmbóotam aki mbaram, ba juróom
benni car ya soqikoo ca per ba, daj.
34 Gannaaw loolu peru tegukaayu làmp
ba itam day am ñeenti kaas yu bindoo ni
tóor-tóori garabu amànd, ànd ak ay
kàmbóotam aki mbaram.
35 Ab kàmbóot ay ronu yii ñaari car, jàpp
ca; beneen kàmbóot ronu ñaari car ya ca
topp, jàpp ca, ab kàmbóot ronu ñaari car ya
mujj, jàpp ca, juróom benni car ya soqikoo
ca peru làmp ba, daj.
36 Kàmbóot ya ak car ya dañuy ànd ak
tegukaay ba, di wenn donju wurusu
ngalam wu ñu tëgg ba mu jekk.
37 Defarlul juróom ñaari làmpam. Te na
làmp ya tege tegin wuy leeral ca kanam
tegukaay ba.
38 Ñiimi feyukaayu làmp yi ak andi làmp
yi na doon wurusu ngalam.
39 Fanweeri kiloy wurusu ngalam ak
juróom†, ci lees di sàkk tegukaayu làmp bi,
ak mboolem ay jumtukaayam.
40 Nanga xool te def leen mu dëppook
misaal yi ñu la ciy won ci kaw tund wi.

# 26

## *Lu jëm ci sori xaymab jaamookaay bi*

1 «Xaymab jaamookaay bi nag, defare ko
fukki sori rabali lẽe, mu ànd ak wëñ gu
baxa te laal yolet ak wëñ gu xewar ak gu
xonq curr, te nga ñawaale ca nataali serub.
2 Guddaayu sor bu nekk na doon ñaar
fukki xasab ak juróom ñett, yaatuwaay ba
di ñeenti xasab, te sor yépp ay tolloo.
3 Yii juróomi sor day taqaloo ca guddaay
ba, juróomi sor ya ca des taqaloo noonu.
4 Ñawlul ay takku yu baxa te laal yolet ca
catal sor, ba mujj ca benn taqalante ba, te
ñawe ko noonu itam ca catal sor ba jeexal
taqalante ba ca des.
5 Juróom fukki takku ngay def ci catal
benn sor bi, ak juróom fukki takku ci catal
sor, bi jeexal taqalante bi ci des, te na
takku yi yemoo.
6 Su ko defee nga defarlu juróom fukki
lonku yu wurus yu ñuy jokkalee sor yi, ba
xaymab jaamookaay bi doon benn.
7 «Te itam ràbblul ay sori kawari bëy, ngir
def ko ab xayma, muy kiiraay ci kaw
jaamookaay bi. Fukk ak benn la sor yiy
doon.
8 Guddaayu sor bu nekk di fanweeri
xasab, yaatuwaay bi di ñeenti xasab, te
fukki sor yeek benn yépp ay tolloo dayo.
9 Taqleel yii juróomi sor, juróom benni
sor yi ci des it noonu, te juróom benneelu
sor bi, nanga ko lem, fi féeteek kanam
xayma bi.
10 Sàkkal juróom fukki takku ci catal sor
bi mujj ci benn taqalante bi, ak juróom
fukki takku ci catal sor bi jeexal taqalante
bi ci des.
11 Sàkkal juróom fukki lonku yu xànjar te
nga we lonku yi ci takku yi, daldi jokkale
ñaari taqalante yi, muy benn xayma.
12 Liy lang te ëppe ci sori xayma bi nag,
di beneen genn-wàllu sor bi, na lange ci
gannaaw xaymab jaamookaay bi.
13 Waaye benn xasab bi ëppe wet gu
nekk ci guddaayu sori xayma bi, na lange
ci ñaari weti jaamookaay bi, ngir yiire ko
ko.

---

* **25.33** ***garabu amànd*** xeetoo naak gerte-tubaab. † **25.39** Mu yemook benn nattu diisaay bu ñu daan jëfandikoo, ñu di ko wax talaŋ.

14 Nanga defarlul xayma bi malaanum
deri kuuy yu ñu sóob xonq, ak meneen
malaanum deri piipi muy tege ca kawam.

*Lu jëm ci kenuy xaymab jaamookaay bi*

15-17 «Sàkkalal xaymab jaamookaay bi ay
làcci bantu séng yuy sampe. Na làcc wu
nekk am ñaari kenu yu ñu lëkkalee galan yu
ndaw, te nga def làcci jaamookaay bi yépp
noonu. Na taxawaayu làcc wu nekk di
fukki xasab, yaatuwaay bi di xasab ak
genn-wàll.
18 Ci wàllu làcci jaamookaay bi, sësaleel
ñaar fukki làcc fi féete bëj-saalum,
19 boole kook ñeent fukki tegukaayi
xaalis yuy ronu kenuy ñaar fukki làcc yi,
ñaari tegukaay ay ronu làcc wi jiitu ngir
ñaari kenoom yi muy àndal, ñaari tegu topp
ci, ronu wépp làcc wu ci topp, ngir ñaari
kenoom yi muy àndal.
20 Geneen wetu jaamookaay gi féete
bëj-gànnaar itam, na doon ñaar fukki làcc
21 ak seeni ñeent fukki teguy xaalis, ñaari
tegu ronu làcc wi jiitu, ñaari tegu topp ci,
ronu wépp làcc wu ci topp.
22 Gannaawu jaamookaay gi féete sowu,
sàkkal ko juróom benni làcc;
23 nga teg ci ñaari làcc ngir colli
jaamookaay bi ci gannaaw.
24 Nañu àndandoo ci suuf te lëkkoo ca kaw
ci benn lam kepp. Noonu lañuy bindoo
ñoom ñaar; ñooy doon ñaari coll yi.
25 Muy juróom ñetti làcc ak seeni teguy
xaalis, di fukki tegu ak juróom benn, ñaari
tegu ronu làcc wi jiitu, ñaari tegu topp ci,
ronu wépp làcc wu ci topp.
26 «Nanga sàkk itam ay galani bantu séng:
juróomi galan yuy ànd ak làcc yi ci genn
wetu jaamookaay bi,
27 ak juróomi galan ngir làcci wet gi ci
des, ak juróomi galan ngir làcc, yi ci
gannaaw jaamookaay bi, fi féete sowu.
28 Galanu digg bi, ci digg làcc yi lay nekk,
dale ko cat ba cat.
29 Xoobal làcc yi wurus te nga sàkkal làcc
wu ci nekk ay lami wurus yuy téye galan
yi, te nga xoob galan yi it wurus.
30 Su ko defee nga taxawal xaymab
jaamookaay bi, ni ñu la ko wone ci kaw
tund wi.

*Lu jëm ci rido bi*

31 «Sàkkal rido bu ñu ràbbe wëñ gu baxa
te laal yolet, ak wëñ gu xewar ak gu xonq
curr, ak wëñu lẽe, ñu ñawaale ca nataali
serub,
32 te nga wékk ko ci ñeenti jëni séng yu ñu
xoobe wurus, jën yi ànd ak seen
wékkukaayi wurus, te nga móolal jën yi
ñeenti teguy xaalis.
33 Wewal rido bi ci ron lonku yi, su ko
defee nga yóbbu gaalu àlluway seede si
foofu ci gannaaw rido bi, rido bi xàjjaleel
leen néeg bu sell bi ak néeg bu sella sell bi.
34 Tegal kubeer ga ñuy amale ag njotlaay
ca kaw gaal ga àlluway seede sa dence, ca
biir néeg bu sella sell bi.
35 Tegal taabal ja ca biti, ca kanam rido
ba, te nga teg tegukaayu làmp ba ca wetu
bëj-saalumu jaamookaay ba, mu jàkkaarlook
taabal ja, taabal ja nag, nga tege ko wetu
bëj-gànnaar.

*Lu jëm ci kiiraayal buntu xayma bi*

36 «Sàkkalal buntu xayma bi kiiraay lu ñu
ràbbe wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar ak gu xonq curr ak wëñu lẽe, muy
liggéeyu ràbb bu rafet.
37 Nga sàkkal nag kiiraay li juróomi jëni
séng, xoob wu ci nekk wurus, seeni
wékkukaay di wurus, te nga móolal jën yi
juróomi teguy xànjar.

## 27

*Lu jëm ci sarxalukaay bi*

1 «Nanga defare sarxalukaay bi bantu
séng, guddaay bi di juróomi xasab,
yaatuwaay bi di juróomi xasab; ab kaare
la sarxalukaay biy doon, taxawaayam di
ñetti xasab.
2 Defaral ko ay béjjénam ci ñeenti coll yi
ci kaw. Béjjén yi, dees koy liggéeyaaleek
sarxalukaay ba, ñu ànd di benn, te nanga
xoob sarxalukaay bi xànjar.
3 Sàkkal ay ndabi tibbukaayu dóomam, ak
ay ñiitukaayam, ak ay këllam, ak ay
seppikaayi yàpp aki andam. Defal
jumtukaayam yépp xànjar.
4 Sàkkal ko caax bu ñu tëgge xànjar te nga
sàkkal caaxu xànjar bi ñeenti nopp ci ñeenti
collam.

5 Tegal caax bi, mu ronu peggu
sarxalukaay bi, te dale ci suuf ba ci digg
sarxalukaay bi.
6 Sàkkalal sarxalukaay bi ay njàppuy
bantu séng, te nga xoob lu ci nekk xànjar,
7 te nga roof njàppu yi ci nopp yi, su ko
defee njàppu yi des ci ñaari weti
sarxalukaay bi, ngir bu ñu koy yóbbu.
8 Am pax ngay def sarxalukaay bi ci biir;
nga defare ko ay xànq yu tàppandaar. Na ñu
la ko wone ca kaw tund wa rekk lañu koy
defe.

### *Lu jëm ci ëttu jaamookaay bi*

9 «Nanga sàkkalal jaamookaay bi ab ëtt:
guddaayu ëtt bi ci wetu bëj-saalum,
téeméeri xasabi sori rabal yu ñu ràbbe
wëñu lẽe moo koy ub, ci genn wet googu.
10 Jëni jaamookaay bi ñaar fukk lay
doon, seen ñaar fukki tegu di xànjar,
wékkukaay yeek galani jën yi di xaalis.
11 «Naka noonu it ci wetu bëj-gànnaar,
guddaay bi di téeméeri xasabi sori rabal,
ak seen ñaar fukki jën yu seen ñaar fukki
teguy xànjar ronu, wékkukaay yeek galani
jën yi di xaalis.
12 «Yaatuwaayu ëtt bi, fi féete sowu,
juróom fukki xasabi sori rabal a koy ub,
seeni jën di fukk, seeni tegu di fukk.
13 «Yaatuwaayu ëtt bi, fi féete penku ci
kanam, juróom fukki xasab la:
14 fukki xasabi sori rabal ak juróom moo
ub ëtt bi ci googu wet, seeni jën di ñett,
seeni tegu di ñett.
15 Wet gi ci des it, fukki xasabi sori rabal
ak juróom, seeni jën di ñett, seeni tegu di
ñett.
16 Buntu ëtt bi nag, na doon lafu ñaar
fukki xasab, wu ñu defare wëñ gu baxa te
laal yolet, ak wëñ gu xewar ak gu xonq
curr ak wëñu lẽe, muy liggéeyu ràbb bu
rafet, ay jënam di ñeent, seeni tegu di ñeent.
17 «Jën ya wër ëtt ba yépp, dees koy
lëkkalee galan yu xaalis, wékkukaayi jën yi
di xaalis, seeni tegu di xànjar.
18 «Guddaayu ëtt bi téeméeri xasab lay
doon, yaatuwaay bi di juróom fukk,
taxawaayu wet yi di juróomi xasab, sor yi
ñu ràbbe lépp di wëñu lẽe, tegu yi di xànjar.
19 Mboolem jumtukaay yi ñuy liggéeye ci
jaamookaay bi, ba ci mboolem xeri
xaymaam, ak mboolem xeri wërmbalu ëtt
bi, lépp xànjar lay doon.

## Lu jëm ci santaane yi sarxalkat yi sasoo

*(Saar 27.20–34.35)*

### *Lu jëm ci diwu làmp bi*

20 «Yaw nag, santal bànni Israayil, ñu
indil la diwu segalu oliw gu raxul ngir
leerlu, ñu di ko taale làmp yi guddi gu
nekk.
21 Ci biir xaymab ndaje mi* la Aaróona
ak doomam yu góor di teg làmp yi, ci
kanam rido bi làq gaalu àlluway seede si,
ñuy fanaanee tàkk ngoon ba bët set, fi
kanam Aji Sax ji. Dogal a ngoogu, war
bànni Israayil fàww, ñoom ak seen askan.

# 28

### *Lu jëm ci yérey sarxalkat yi*

1 «Léegi nag yaw, nanga seppee ci bànni
Israayil sa mag Aaróona, ak doomam yu
góor, nga woo leen fi yaw, ñu di ma
sarxalal: Aaróona ak doomam yu góor,
Nadab ak Abiyu ak Elasar ak Itamar.
2 Sàkkalal sa mag Aaróona yérey cellte
ngir daraja, ak teraanga bu sarxalkat
wara yelloo.
3 Dangay sant mboolem liggéeykat yu
xareñ, yi ma feesal xelum xareñte, ñu
defar yérey Aaróona, ngir fal ko, mu di ma
sarxalal.
4 Yii yére nag lañu koy defaral: kiiraayal
dënn ak ab xar-sànni ak mbubb, ak jàllaabi
bu ñu ràbb, ak kaala ak laxasaay. Yérey
cellte lañuy defal sa mag Aaróona ak
doomam yu góor, ngir ñu di ma sarxalal.
5 Liggéeykat yooyu ñooy jël wëñi wurus,
ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar, ak gu xonq curr, ak wëñu lẽe ngir
liggéeye ko.

### *Lu jëm ci xar-sànni mi*

6 «Nañu ràbbe xar-sànni mi wëñu wurus,
ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar ak gu xonq curr ak wëñu lẽe, ñu
ñawaale ci ay nataal.

* **27.21** ***xaymab ndaje mi:*** dees na ko woowe jaamookaay ba, ba tey.

7 Ñaari ngàlli mbagg yu ñuy faste la
xar-sànni miy am, ñu di leen fastee ci ñaari
cat yi.
8 Ngañaayu taaral liy tege ci kaw
xar-sànni mi, ni xar-sànni mi lees ko
defare, liggéeyaale kook moom, ñu ànd di
benn, di wëñu wurus, ak wëñ gu baxa te
laal yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu xonq
curr, ak wëñu lẽe.
9 Nanga jël ñaari peri onigsë, nga ñaas ci
turi doomi Israayil yu góor:
10 yii juróom benni tur ci benn per,
juróom benni tur yi ci des ci beneen per bi,
tur yi toppante, ni boroom tur yi
toppantee ci juddu.
11 Ni ko ab liggéeykat bu farewoo
mbindum doj di defe, ni lañuy ñaase turi
doomi Israayil yu góor ci kaw ñaari per yi,
mu mel ni ni ñuy ñaase xàmmikaay yi ñuy
torloo, te nañu we per yi ci ay ŋankukaayi
wurus.
12 Tappal ñaari per yi ci kaw ngàlli waggi
xar-sànni mi, per yi taxawe taxawaayu
bànni Israayil, Aaróona gàddu seeni tur ci
kaw ñaari ngàlli waggam, fi kanam Aji Sax
ji, ngir saxal ag pàttaliku.
13 «Sàkkal ay ŋankukaayi wurus,
14 ak ñaari caqi wurusu ngalam, bu ci
nekk nga rawaase ko nig buum, ba noppi
nga we caq yu rawaasoo yooyu ci
ŋankukaay yi.

## *Lu jëm ci kiiraayal dënn bi*

15 «Nanga sàkk kiiraayal dënn bi ñuy jëfoo
cib àtte, ñu liggéeyaale ko ay nataal ni
xar-sànni mi, te nañu ko ràbbe wëñu
wurus, ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak
wëñ gu xewar, ak gu xonq curr, ak wëñu
lẽe.
16 Ab kaare bu ñu lem lay doon, guddaay
bi di ŋaraleb baaraamu déy ak bu digg,
yaatuwaay bi di ŋaraleb baaraamu déy ak
digg.
17 Nanga we ay per ci kaw kiiraayal
dënn bi, nga def ko ñeenti làngi per. Làng gi
jiitu, peru sarduwan ak peru topaas ak
peru eskarbukal moo cay nekk;
18 ñaareelu làng gi di peru emëródd ak
peru safiir ak peru jamaa;
19 ñetteelu làng gi di peru yasent ak peru
agaat ak peru ametistë;
20 ñeenteelu làng gi di peru kirsolit ak
peru onigsë ak peru jàspë, te per bu ci
nekk, ŋankukaayu wurus lees koy wewe.
21 Per yeek turi doomi Israayil yu góor
ñooy tolloo ab lim: muy fukk ak ñaar, ni tur
yi tollu. Dees ciy ñaas tur yi ni xàmmikaayi
torlu, ku nekk ak turam, ba fukki giir yeek
ñaar daj.
22 «Nanga sàkkal kiiraayal dënn bi ñaari
caqi wurusu ngalam yu ciy tege, te
rawaasoo ni ay buum,
23 ak ñaari jaaroy wurus yu ñuy takk ci
ñaari cati kiiraayal dënn bi ci kaw,
24 te nga nas ñaari buumi wurus yi ci
ñaari jaaro yi ci cati kiiraay li.
25 Yeneen ñaari cati buumi wurus yi, nga
we leen ci ñaari ŋankukaay yi ci kaw ngàlli
waggi xar-sànni mi, ci kanam.
26 Sàkkal ko it ñaari jaaroy wurus yu ñuy
we ci ñaari cati suufi kiiraay li, fi féete biir,
wet gi tafu ci xar-sànni mi.
27 Nga sàkkalaat ko yeneen ñaari jaaroy
wurus yooy we ci suufu ngàlli xar-sànni
mi, fi féete kanam, dendeek sofu ngàll yi,
te tiim ngañaayu xar-sànni mi.
28 Kiiraayal dënn bi, buum gu sew gu
baxa te laal yolet, moom lees koy téyee,
lëkkalee ko jaaroy kiiraay leek jaaroy
xar-sànni mi, su ko defee kiiraay li dëkke
tiim ngañaay li, ba du teqalikook xar-sànni
mi.
29 Aaróona nag nay tegoo turi bànni
Israayil ci kaw kiiraayal dënn bi ñuy àttee,
tur yi tafu ci xolam, saa yuy dugg ci néeg
bu sell bi, ngir saxal pàttaliku ba fàww fi
kanam Aji Sax ji.
30 Nanga yeb ci biir kiiraayal dënn bi ñuy
àttee, jumtukaayi tegtal yooyu di Urim ak
Tumim, ngir ñu tafu ci xolu Aaróona, saa
yuy taxawi fi kanam Aji Sax ji. Noonu la
Aaróona di dëkke yóbbaale ci kaw xolam
jumtukaayi àtte yu bànni Israayil, saa suy
taxawi fi kanam Aji Sax ji, ba fàww.

## *Lu jëm ci yére yu sell yi ci des*

31 «Mbubb mi xar-sànni miy tege, lépp,
wëñ gu baxa te laal yolet nga koy liggéeye
ba mu daj.
32 Na baatu mbubb mi nekk ci digg bi,
mel ni baatu mbubbam xare, te nañu ko

ombe omb bu dëgër ba mu daj, ngir du
xottiku.
33 Nanga takk ci ombu mbubb mi ba mu
daj, ay doomi gërënaat yu ñu defare wëñ
gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu xewar ak
gu xonq curr, te diggante gërënaat yi, nga
doxale ci ay jóolóoli yu wurus ba omb bi
daj.
34 Ab jóolóolib wurus, ab doomu
gërënaat, ab jóolóolib wurus, ab doomu
gërënaat, ba ombu mbubb mi daj.
35 Na ko Aaróona sol bu nekkee ci
liggéeyu sarxaleem. Su ko defee coowal
jóolóoli yi di jib, ba buy jàll ci biir néeg bu
sell bi, jëm fi kanam Aji Sax ji, mbaa mu di
ci génne, du tax mu dee.

36 «Sàkkal dogu wurusu ngalam wu tell,
nga ñaas ci mbind mii ni ñuy ñaase
mbindum torlu: "Sell na, ñeel Aji Sax ji."
37 Takke ko buum gu baxa te laal yolet ci
kaw kaala gi, mu féete kanam.
38 Na tafu ci jëwu Aaróona, mu gàddoo ko
ay wu tukkee ci lu bànni Israayil moy ci
wàllu yëf yu sell yi ñu wara sellal ci seen
mboolem sarax yu sell. Na nekk fàww ci
jëëm, ndax Aji Sax ji nangul leen.

39 «Mbubb mu gudd mi nag, nanga ko
ràbbe wëñu lẽe, kaala gi itam di wëñu lẽe.
Te laxasaay gi, liggéeyu ràbb bu rafet lay
doon.

40 «Doomi Aaróona yu góor yi itam, sàkkal
leen ay jàllaabi. Sàkkal leen ay laxasaay. Ay
mbaxana it, sàkkal leen ko ngir daraja ak
teraanga bu sarxalkat wara yelloo.
41 Nanga solal yooyii sa mag Aaróona,
mook ay doomam yu góor, te nga sotti leen
diwu pal* gi, dénk leen seen sas. Noonu
nga leen di sédde céru cellte, ñu di ma
sarxalal.

42 «Sàkkal leen ay tubéyi njiitlaayi lẽe, ñu
sànge ko seeni cér, dale ko ci ndigg li ba ci
lupp yi.
43 Na Aaróona aki doomam jiitloo loolu,
bu ñuy dugg ci xaymab ndaje mi, mbaa
ñuy jegeji sarxalukaay bi, ngir liggéey ci
néeg bu sell bi, ndax ñu baña yóbbe seen
bopp mbugal, muy seen dee. Na Aaróona
ak askanam sàrtoo loolu fàww.

* **28.41 *diwu pal:*** seetal ci 30.22-33.

# 29

## *Lu jëm ci sarxalkat yeek seen xewu colu*

1 «Lii nag mooy li nga leen di defal, ngir
sédd leen céru cellte, ngir ñu di ma
sarxalal: dangay jël yëkk wu ndaw ak ñaari
kuuy yu amul sikk,
2 ak mburu yu mag yu amul lawiir, ak
kàmp yu sew yu amul lawiir yu ñu
xiiwaale diw, ak mburu yu tàppandaar yu
amul lawiir, ñu wis diw ca kaw, te sunguf
bele su mucc ayib ngay defare yooyu.
3 Yebal lépp ci benn pañe te jébbale ko,
mook yëkk wu ndaw wi ak ñaari kuuy yi.
4 Yóbbul Aaróona ak doomam yu góor, ba
ca bunt xaymab ndaje ma, nga sang leen.
5 Nga jël yére yi nag, solal Aaróona
jàllaabi bi ak mbubbam xar-sànni mi, teg ci
xar-sànni mi, tegaat ci kiiraayal dënn bi,
daldi koy takkal ngañaay liy tege ci
xar-sànni mi.
6 Su ko defee nga kaala ko, takkal ko
meeteel gu sell gi, fi kanam kaala gi.
7 Te nga jël diwu pal gi, sotti ko ci kaw
boppam, diw ko.
8 Bu loolu weesoo, nga ne doomi
Aaróona ñu jegesi, nga solal leen seeni
jàllaabi,
9 te takkal Aaróona ak doomam yu góor
ay laxasaay, solal leen mbaxana. Su ko
defee ñu féetewoo céru sarxalkat, muy
dogal bu sax dàkk.

«Noonu ngay sase Aaróona ak doomam
yu góor.
10 Nanga yóbbu yëkk wu ndaw wi ba ci
bunt xaymab ndaje mi, Aaróona aki
doomam teg seeni loxo ci kaw boppu yëkk
wi,
11 nga daldi rendi yëkk wi fi kanam Aji
Sax ji, fi bunt xaymab ndaje mi.
12 Sàkkal ci deretu yëkk wu ndaw wi, nga
capp ci sa baaraam, diw ci ñeenti béjjéni
sarxalukaay bi, te nga tuur li des ci deret ji
ci taatu sarxalukaay bi.
13 Jëlal mboolem nebbon bi sàng yérey
biir yi, ak bàjjo bi ci res wi, ak ñaari
dëmbéen yi ànd ak nebbon bi ci kaw
dëmbéen yi, nga boole lépp lakk ko ci kaw
sarxalukaay bi.

14 Seen saraxu póotum bàkkaar a ngoogu.
Li des ci yàppu yëkk wi, boole kook der bi,
ak sébbriit mi, nga génne ko dal bi, lakk ko
ca biti.
15 «Menn kuuy mi, jël ko, Aaróona ak
doomam yu góor teg seeni loxo ci boppu
kuuy mi,
16 ba noppi, nga rendi kuuy mi, jël deret
ji, xëpp ko ci mboolem weti sarxalukaay
bi.
17 Kuuy mi, nga def ko ay dog, daldi
raxas yérey biir yi ak yeel yi, teg ci kaw
dog yi ak bopp bi.
18 Lakkal kuuy mépp ci kaw
sarxalukaay bi. Saraxu rendi-dóomal la,
ñeel Aji Sax ji ngir xetug jàmm; saraxu
sawara la, ñeel Aji Sax ji.
19 «Jëlal kuuy mi ci des, Aaróona ak
doomam yu góor teg seeni loxo ci boppu
kuuy mi.
20 Su ko defee nga rendi kuuy mi, sàkk ci
deret ji, taqal ci tabanum noppu ndijooru
Aaróona ak tabanum noppu ndijooru
doomam yi, te nga taqal ci seen baaraamu
déyu ndijoor, ak seen baaraamu déyu tànki
ndijoor. Boo noppee, nga xëpp li des ci
deret ji ci mboolem weti sarxalukaay bi.
21 Sàkkal ci deret ji ci sarxalukaay bi, ak
ci diwu pal gi, nga wis-wisal ko ci kaw
yaramu Aaróona ak ci kawi yéreem,
wis-wisal ko ci kaw yarami doomam ak ci
seen kawi yére. Su ko defee Aaróona sell,
mooki yéreem, ay doomam it sell, ñook
seeni yére.
22 «Kuuyum ñaareel mii, kuuyum xewu
colug sarxalkat yi la. Nanga ci génne
nebbon bi, muy calgeen bi ak nebbon bi
sàng yérey biir yi, ak bàjjo bi ci res wi ak
ñaari dëmbéen yeek nebbon bi ci seen kaw,
ak tànku ndijoor bi.
23 Pañe biy taaje fi kanam Aji Sax ji te
def mburu yu amul lawiir nag, nanga ci
sàkke menn mburu mu wërngalu te
tàppandaar wu amul lawiir, ak menn
mburu mu ñu xiiwe diwu oliw, ak menn
mburu mu ndaw te gëna sew.
24 Nga boole lépp, teg ko ci loxoy Aaróona
aki doomam yu góor, ñu def ko sarax bu
ñuy yékkati jébbal Aji Sax ji.
25 Nga daldi koy nangoo ci seeni loxo,
lakk ko ci kaw sarxalukaay bi, boole kook
saraxu rendi-dóomal bi, muy xeeñ xetug
jàmm fi kanam Aji Sax ji. Saraxu sawaraa
ngoogu, ñeel Aji Sax ji.
26 «Nanga jël dënn bi bokk ci kuuyum
xewu colug Aaróona, nga def ko saraxu
yékkati-jébbale, ñeel Aji Sax ji. Loolu moo
cay sa wàll.
27 Nanga ber dënn bi ñu def saraxu
yékkati-jébbale, beraale tànk bi ñu def
saraxu yékkati-jébbale, te ñu jële ko ci
kuuyu xewu colu gi, ñeel Aaróona aki
doomam.
28 Aaróona aki sëtam la loolu di doon
seen cér bu bànni Israayil di warlook ñoom
ba fàww, ndax ab cér la, ci sarax yi bànni
Israayil di génnee ci seen saraxi cant ci biir
jàmm, muy seenub cér, ñeel Aji Sax ji.
29 «Yérey Aaróona yu sell yi nag,
gannaaw bu dëddoo, dees koy féetale ay
doomam, ñu fale leen ko ci seen xewu
colug carxal.
30 Diiru juróom ñaari fan, ci la sarxalkat
bi koy wuutu ci doomam yu góor, di sol
yére yooyu, moom miy dugg ci biir
xaymab ndaje mi, ci biir néeg bu sell bi.
31 «Nanga jël kuuyu xewu colu gi, nga
baxal yàpp wi ci béreb bu sell.
32 Aaróona aki doomam ñooy lekk yàppu
kuuy mi ci bunt xaymab ndaje mi, boole
kook mburu mi ci pañe bi.
33 Ñam yooyu, ña koy lekk mooy ña muy
seen saraxu njotlaay, keroog ca seen xewu
colu, ga ñu leen tabbe ngir sellal leen.
Waaye keneen du ci lekk, ndaxte ñam wu
sell la.
34 Bu lenn ci yàppu xewu colu gi mbaa
lenn ci mburu mi fanaanee ba bët set,
nañu lakk loola ca fanaan ba mu jeex.
Deesu ko lekk, ndaxte ñam wu sell la.
35 «Noonu ngay def ak Aaróona aki
doomam, ni ma la ko sante rekk. Diiru
juróom ñaari fan ci nga leen di sas,
36 te aw yëkk ngay def saraxu póotum
bàkkaar bés bu nekk, muy seen njotlaay, di
njotlaay liy setal sarxalukaay bi. Te itam
nanga diw sarxalukaay bi ag diw, sellale
ko ko.
37 Diiru juróom ñaari fan ngay defal
sarxalukaay bi saraxu njotlaayam, sellale
ko ko, ba sarxalukaay bi doon lu sella sell.

Lépp lu laal sarxalukaay bi day séddu ci sellaayam.

### *Lu jëm ci sarax yi war bés bu nekk*

38 «Lii mooy li ngay rendi ci kaw
sarxalukaay bi: ñaari kuuyu menn at, bés
bu nekk ba fàww.
39 Menn kuuy mi, ngeen sarxal ko ci
suba, ñaareel bi, ngeen sarxal ko diggante
ngoon ak jant bu so
40 Sàkkal ñetti kilo, yemook benn
fukkeelu nattub sunguf su mucc ayib su
ñu xiiwe benn liitar, yemook xaajaatub
natt bi ñuy wax xiin* ci diwu segalu oliw,
ak saraxu tuurub benn liitaru biiñ,
yemook xaajaatub xiin. Loolu yépp ànd ak
menn kuuy mi.
41 Meneen kuuy mi, sarxeleen ko
diggante ngoon ak jant bu so, mu ànd ak
saraxu pepp ak saraxu tuuru bi, ni woon
ci suba, muy xeeñ xetug jàmm, di saraxu
sawara, ñeel Aji Sax ji.
42 Saraxu rendi-dóomal lay doon bu sax,
te war seen maasoo maas fi bunt xaymab
ndaje mi, ci kanam Aji Sax ji. Foofu laay
dajeek yeen, te fa laay waxe ak yaw.
43 Foofa laay dajeek bànni Israayil, béreb
ba doxe fa sell ndax samag leer.
44 Maay sellal xaymab ndaje mi ak
sarxalukaay bi, te Aaróona aki doomam,
maa leen di sellal, ngir ñu doon samay
sarxalkat.
45 Maay dëkk fi digg bànni Israayil te
maay nekk seen Yàlla.
46 Su boobaa bànni Israayil xam ne, man
Aji Sax ji maay seen Yàlla, ji leen génnee
réewum Misra, ngir dëkk fi seen biir. Man
maay seen Yàlla Aji Sax ji.

## 30

### *Lu jëm ci taabal ju ñuy taale saraxu cuuraay*

1 «Sàkkal ab sarxalukaay bu ñuy taal
cuuraay ci kawam. Bantu séng nga koy
defare.
2 Guddaay bi di xasab, yaatuwaay bi di
xasab; ab kaare lay doon, taxawaay bi di
ñaari xasab, ay béjjénam ànd ak moom di
benn bant bi.
3 Xoobal ko wurusu ngalam ci kaw gi ak
ci wet yi ba mu daj, ak ci béjjén yi, te nga
sàkkal ko kéméju wurus mu wër ko.
4 Ñaari noppi wurus nga koy sàkkal ci ron
kéméj gi. Féetaleel nopp yi ci ñaari wetam,
ñu jàkkaarloo, di téye banti njàppu yi ñu koy
yóbboo.
5 Defal njàppu yi bantu séng te nga xoob
njàppu yi wurus.
6 «Tegal sarxalukaayu cuuraay bi ci
kanam rido bi làq gaalu àlluway seede si ak
kubeeru njotlaay gi ci kaw gaalu àlluway
seede si, foofu may dajejeek yaw.
7 Na fa Aaróona taal cuuraay suba su
nekk. Buy toppatoo làmp yi lay taal
cuuraay lu xeeñ li.
8 Bu Aaróona di taal làmp yi diggante
ngoon ak jant bu so itam, na taal cuuraay
lu xeeñ li. Cuuraay la su ñuy taal ba fàww,
ci seen gépp maas fi kanam Aji Sax ji.
9 Deesu ci sarxal cuuraay lu ñu diglewul,
deesu ci rendi saraxu dóomal, deesu ci def
saraxu pepp mbaa saraxu tuuru.
10 Na fa Aaróona di sàkk ci deretu saraxu
póotum bàkkaar bi, taqal ci béjjéni
sarxalukaayu cuuraay bi, ngir def ko
njotlaayal sarxalukaay bi benn yoon cim
at. Benn yoon cim at lañu koy defal
njotlaayam ci seen gépp maas.
Sarxalukaay bu sella sell la, ñeel Aji Sax ji.»

### *Lu jëm ci njot-gi-bakkan*

11 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
12 «Boo tolloo ci taxawal limeefu boppi
bànni Israayil, na ku nekk ci ñoom fey Aji
Sax ji njot-gi-bakkanam ba nga koy lim,
ndax menn musiba bañ leena dikkal ci
biir lim bi.
13 «Lii nag mooy li képp ku ñu bind ci
limeef yi wara fey: dogu xaalis bu diisaay
bi di genn-wàllu siikal*, bi ñuy natte ci
jaamookaay bi, dayo siikal boobu tollook
ñaar fukki gera†. Genn-wàllu siikal mu dib
galag, ñeel Aji Sax ji.
14 Képp ku bindu ci limeef bi, te am ñaar
fukki at, jëm kaw, na fey galag gi, ñeel Aji
Sax ji.

* **29.40 *xiin,*** natt la woon bu tollu ci ñeenti liitar. * **30.13 *siikal,*** xaalis la woon bu ñuy natt, mu tollu ci fukki garaam ak benn ak genn-wàll. † **30.13 *gera*** moo doon natt, ba gënoona tuut ci wàllu diisaay, yemook lu tollook genn-wàllu garaam.

15 Ki woomle du fey lu ëpp, ki néewle du
fey lu yées genn-wàllu siikal, buy fey
galagu Aji Sax ji ngir njot-gi-bakkanam.
16 Nanga nangoo xaalisu njot-gi-bakkan
bi ci bànni Israayil, te nga féetale ko
liggéeyu xaymab ndaje mi. Loolu pàttaliku
lay doon, ñeel bànni Israayil fi kanam Aji
Sax ji, ngir seen njot-gi-bakkan.»

### *Lu jëm ci mbalkam njàpp mi*

17 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
18 «Sàkkal mbalkam njàpp mu xànjar, ak
tegub xànjaram ngir ñu di ko jàppe. Teg ko
ci diggante xaymab ndaje mi ak
sarxalukaay bi, te nga duy ko ndox.
19 Aaróona aki doomam di ci tanq,
raxase seeni loxo ak seeni tànk.
20 Bu ñuy duggsi ci xaymab ndaje mi,
nañu jàpp, ndax ñu baña dee, nañu jàpp
itam, bu ñuy liggéeysi fi sarxalukaay bi, di
saxaaral saraxu sawara, ñeel Aji Sax ji.
21 Nañu raxas seeni loxo ak seeni tànk,
ndax ñu baña dee. Na loolu di dogal bu sax
dàkk, ñeel Aaróona ak askanam ci seen
gépp maas.»

### *Lu jëm ci diwu pal gi ñuy sellale*

22 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
23 «Yaw nag, tànnal ngën-gi-xeeñal: xeetu
ndàbb li ñuy wax miir bu ndoxe, sàkk ci
juróomi kilo; xasum kanel mu xeeñ, ñaari
kilo ak genn-wàll; yuuru gattax gu xeeñ,
ñaari kilo ak genn-wàll;
24 ak xasum kaas, juróomi kilo, yemook
juróomi téeméeri siikal, ci siikalu
jaamookaay bi; ak ñeenti liitari diwu oliw,
yemook benn natt bu ñuy wax xiin.
25 Loolu ngay def diwu pal gu sell gi, te
na doon njafaan lu njafaan-kat waajal ba
mu baax. Diwu pal gu sell lay doon.
26 «Nanga ci diw xaymab ndaje mi, diw ci
gaal gi àlluway seede si dence,
27 ak taabal ji aki ndabam, ak tegukaayu
làmp bi, ak jumtukaayam yépp, ak
sarxalukaayu cuuraay bi.
28 Nanga ci diw itam sarxalukaayu
saraxu rendi-dóomal bi, ak ndabam yépp,
ak mbalkam njàpp mi akub tegoom.
29 Noonu ngay sellale yooyii, mu daldi
doon lu sella sell. Lépp lu laal yooyii day
doon lu sell.
30 Aaróona aki doomam itam, nanga
leen diw. Noonu nga leen di sellale, ngir
ñu doon samay sarxalkat.
31 «Nanga wax nag bànni Israayil ne leen:
“Googu diw sama diwu pal gu sell lay
doon, ci seen gépp maas.
32 Doom aadama ju ko jagoowul, deesu
ko ko diw, te buleen njafaan lenn lu ni
mel, lu ngeen yemale dayoy xeeñal ya ak
dayoy diw gu sell gi. Deesu ko def ci
yaramu kenn ku ko jagoowul, te buleen
njafaan xeeñal yi ciy dem, ci dayo yu
tollook dayoy diw gu sell gi, ngir defar
lenn lu ni mel. Lu sell la, lu ngeen wara
wormaal sellaayam.
33 Képp ku njafaan lu ni mel, mbaa mu
taqal ci yaramu ku ci bokkul, dees koy
dagge ci biir bànni Israayil.”»

### *Lu jëm ci cuuraay li*

34 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Wutal
nag xeeñal yii: ndàbbu estaagte, ak ndàbbi
galbanom, ak xori onigsë yu xeeñ, ak
cuuraay-libaŋ lu raxul, te yooyu yépp
tolloo dayo.
35 Def ko njafaan lu njafaan-kat waajal
ba mu baax, xorom ko, mu set, sell.
36 Sàkk ci, wol ko ba mu mokk, nga teg
ko fi kanam gaal gi àlluway seede si dence,
fi biir xaymab ndaje mi, fi may dajeek
yaw. Loolu lu sella sell la lu ngeen wara
wormaal.
37 Waaye cuuraay loolu ngay njafaanlu
nag, bu ci njafaanal sa bopp ci dayoy
xeeñal yu ni tollu. Lu sell la lu ngeen wara
wormaal, ñeel Aji Sax ji.
38 Képp ku defar lenn lu ni mel, ngir di
ko xeeñoo, dees koy dagge ci bànni
Israayil.»

# 31

### *Tabb nañu ay liggéeykat yu xareñ*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
2 «Gisal, maa woo Beccalel ci turam.
Beccalel, Uri mooy baayam; Uri, Ur
Yudeen bi di baayam.
3 Maa ko feesale sama xel, xareñte ak
déggin ak xam-xam ak manoorey bépp
xeetu liggéey,
4 ngir muy nas ay liggéeyi wurus ak
xaalis ak xànjar,

5 di yatt per yu muy tapp, di yatt bant, di
liggéey lu nekk.
6 Maa ngii di ko tofal Oliyab doomu
Axisamaag Daneen bi, te itam mboolem ñi
xarala, may naa leen xelum xarala, ngir
ñu ànd def mboolem lii ma la sant:
7 muy xaymab ndaje mi, ak gaalu
àlluway seede si, ak kubeeru njotlaay gi ci
kawam, ak mboolem jumtukaayi xayma
bi—
8 taabal ji, ak ndab yi, ak tegukaayu
làmpu wurusu ngalam beek yëfam yépp, ak
sarxalukaayu cuuraay bi,
9 ak sarxalukaayu rendi-dóomal bi, ak
ndabam yépp, ak mbalkam njàpp mi akub
tegoom—
10 ak itam yére yu yànj yi, yére yu sell yi
ñeel Aaróona sarxalkat bi ak yérey
doomam, yi ñuy sol, di sarxale,
11 ak diwu pal gu sell gi, ak cuuraay lu
xeeñ li ñeel néeg bu sell bi. Loolu ma la
sant lépp, nañu ko defe noonu.»

## *Lu jëm ci solos bésub Noflaay*

12 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
13 «Waxal bànni Israayil ne leen:
“Fexeleen rekk ba sama bési Noflaay,
ngeen di ko wormaal, ndax bésub Noflaay
da di firnde sama digganteek yeen ak seen
askan, ngir ngeen xam ne man Aji Sax ji
maa leen ber, sellal leen.
14 Wormaalleen bésub Noflaay ndax lu
sell la, ñeel leen. Ku ko teddadil, dee rekk
mooy àtteem. Képp ku ci liggéey, kooku
dees na ko dagge ci biiri bokkam.
15 Juróom benni fan lees wara liggéey,
waaye bésub Noflaay bay juróom ñaareel
ba, bés bu sell la, bésub Noflaay bu mat
sëkk, ñeel Aji Sax ji. Képp ku liggéey bésub
Noflaay, dee rekk mooy àtteem.
16 Na bànni Israayil wormaal bésub
Noflaay, nañu sàmm bésub Noflaay, ñook
seen askan. Kóllëre la gu sax dàkk.
17 Sama diggante laak bànni Israayil, te
firnde la ju sax dàkk, ndax ci juróom benni
fan la Aji Sax ji sàkk asamaan ak suuf,
bésub juróom ñaareel ba, mu dallu, daldi
yeeslu.”»
18 Ba Yàlla noppee wax ak Musaa ca kaw
tundu Sinayi, da koo jox ñaari àlluway doj
yu mu binde loxol boppam.

# 32

## *Israayil fecci na kóllëre*

1 Ba mbooloo ma gisee Musaa yàgg lool
te wàccul tund wa, dañoo songandoo
Aaróona, ne ko: «Ayca, sàkkal nu ay yàlla yu
nu jiite, ndax Musaa mii nu génne réewum
Misra kat, xamunu lu ko dal.»
2 Aaróona ne leen: «Tekkileen boog, indil
ma seen jaaroy wurusi nopp, yi ci seeni
jabar ak seeni doom, góor ak jigéen.»
3 Ba loolu amee mbooloo mépp tekki
seen jaaroy wurusi nopp, indil Aaróona.
4 Mu nangoo ko ci seeni loxo, liggéey ko
ba sàkk ci sëllu wu ñu móol. Ci kaw loolu
ñu naan: «Bànni Israayiloo, seen Yàllaa
ngii, moo leen génne réewum Misra!»
5 Aaróona gis la xew, daldi tabax ci
kanam sëllu wi ab sarxalukaay. Mu daldi
yéene, ne: «Ëllëg màggal la, ñeel Aji Sax ji.»
6 Ca ëllëg sa mbooloo ma teela xëy, ñu def
ay saraxi rendi-dóomal, ak ay saraxi cant ci
biir jàmm. Ba mu ko defee ñu toog, di lekk
aka naan, nes tuut ñu jóg, di mbumbaay.
7 Aji Sax ji nag waxati Musaa ne ko:
«Gaawal wàcc, ndax sa mbooloo ma nga
génne réewum Misra def nañu yàqute.
8 Jàdd nañu xaat yoon wa ma leen
tegoon. Dañoo sàkkal seen bopp sëllu wu
ñu móol, di ko sujjóotal aka sarxalal, naan:
“Israayiloo, seen yàllaa ngii, moo leen
génne réewum Misra!”»
9 Aji Sax ji dellu ne Musaa: «Maa gis
askan wii, askan wu dëgër bopp a ngii!
10 Léegi seetaan ma rekk, sama sànj
tàkkal leen, ba ma faagaagal leen, te du tee
ma def la askan wu mag.»
11 Musaa nag tinu Yàllaam Aji Sax ji ne
ko: «Aji Sax ji, ana lu waral sam sànj di
tàkkal sa ñoñ ñi nga génne réewum Misra ci
sa kàttan gu màgg ak sa dooley loxo?
12 Ana lu jar Misra di wax naan:
“Musiba mi mu leen naraloon, ba mu leen
di yiwi de, du lenn lu moy rey leen ba ñu
jeex ca tund ya, ba fare leen kaw suuf
sépp.” Ngalla dëddul sa sawaras sànj te nga
fomm musiba mi nga naral sa ñoñ.
13 Bàyyil xel Ibraayma ak Isaaxa ak
Israayil, sa jaam ñi nga giñaloon ci sa bopp,
ne leen: “Maay yokk seen askan ni
biddiiwi asamaan, te mboolem réew mii

ma waxoon, maa koy jox seen askan, ñu moom ko fàww.”»

14 Ba loolu amee Aji Sax ji fomm musiba ma mu waxoon ne dina ko teg ñoñam.

### *Merum Musaa am na njeexital*

15 Ba mu ko defee Musaa walbatiku, wàcce ca tund wa, mook ñaari àlluway seede ya ca loxoom, àlluwa yu ñu bind ñaari wet yépp, biir ak biti.

16 Àlluwa ya, liggéeyu Yàllaa, mbind ma di mbindum Yàlla mu ñaase ca kaw àlluwa ya.

17 Ci kaw loolu Yosuwe dégg coowal mbooloo may xaacu. Mu ne Musaa: «Coowal xaree ngoog ca dal ba!»

18 Musaa ne ko:
«Coow loolu de du bàkku yu njàmbaar waral,
du jooytu yu jéll sabab,
woyi mbumbaay daal laa dégg.»

19 Ba Musaa jubee dal ba, ba gis sëllu wa ak pecc ma, mer mu ne jippét tàkk la ko def, mu sànni àlluwa ya mu ŋàbboon, mu ne tasar ca suufu tund wa.

20 Ci kaw loolu mu jël sëllu, wa ñu sàkk, lakk ko, wol ko ba mu mokk, mu suy cim ndox, daldi koy naanloo bànni Israayil.

21 Musaa nag ne Aaróona: «Lan la la mbooloo mii def, ba nga yóbbe leen gii moy gu réy?»

22 Aaróona ne ko: «Sang bi, rikk bul mer, yaw ci sa bopp xam nga ni mbooloo mii yeboo ci mbon.

23 Dañu ma ne: “Sàkkal nu ay yàlla yu nu jiite, ndax Musaa mii nu génne réewum Misra kat, xamunu lu ko dal.”

24 Ma ne leen: “Ku takk wurus, tekkil, indi!” Ñu jox ma, ma sànni ci sawara wi, sëllu wii génne ci!»

25 Musaa nag gis ni mbooloo mi ràkkaajoo, ndax fekk na Aaróona bay-bayal leen, ba ñu ràkkaaju, ba ku leen doon fexeel man leena ree.

26 Musaa taxaw ca bunt dal ba, ne: «Ku ànd ak Aji Sax ji, fii ci man!» Leween ñépp dikk, yéew ko.

27 Mu ne leen: «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne: Na ku nekk teg saamaram ci luppam, te ngeen wër dal bi bépp buntoo bunt, ba mu daj. Reyleen ñépp; doomu ndey, xarit ak jegeñaale.»

28 Ba loolu amee Leween ña def la leen Musaa sant. Ñi daanu ci bànni Israayil bésub keroog tollu na ci ñetti junniy góor.

29 Musaa nag ne: «Bés niki tey sasoo ngeen Aji Sax ji, gannaaw yeena dal ci kaw doom, dal ci kaw doomu ndey. Kon bésub tey tegoo ngeen barkeb Aji Sax ji.»

### *Musaa tinu na Yàlla*

30 Ca ëllëg sa Musaa ne mbooloo ma: «Yeen de bàkkaar ngeen bàkkaar bu réy, waaye maa ngi nii di yéeg, jëm ci Aji Sax ji. Jombul ma jotul leen seen bàkkaar.»

31 Ba mu ko defee Musaa dellu ci Aji Sax ji, ne ko: «Éey Aji Sax ji, mbooloo mii de moy naññu la lool, ba ñu sàkkalee seen bopp ay yàllay wurus.

32 Léegi nag, soo leen dee baal seen bàkkaar, aa... Lu ko moy kat, far ma rekk ci téere bi nga bind*.»

33 Aji Sax ji ne Musaa: «Ki ma moy, kooku doŋŋ laay far ci sama téere.

34 Yaw daal demal rekk, yóbbu mbooloo mi fa ma la waxoon, te sama malaakaa ngii di la jiituji. Waaye keroog sama bésu mbugal, maay mbugal mbooloo mi ndax seen bàkkaar.»

35 Gannaaw gi, Aji Sax ji mbugal na mbooloo ma ndax la ñu sàkkloo woon Aaróona aw sëllu.

# 33

### *Yàlla yebal na Musaa*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Doxal jóge fii, yaak mbooloo mi nga génne réewum Misra, ngeen dem ca réew ma ma giñaloon Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, ne leen seen askan laa koy jox.

2 Maay yebal malaaka mu jiitu la, te maa fay dàqe Kanaaneen ña ak Amoreen ña ak Etteen ña ak Periseen ña ak Eween ña ak Yebuseen ña,

3 ba ngeen dugg ca réew mooma meew maak lem ja tuuroo. Waaye duma ànd ak yeen, lu ko moy dinaa leen faagaagal ci yoon wi, ndax askan wu dëgër bopp ngeen.»

* **32.32** ***téere*** bi ñuy wax fii jombul moy lim, ya Yàlla bind turi nit ña bokk ca mbooloo ma. Nit ku ñu masa far ca yooyu lim bokkatoo ca ñoñi Yàlla.

4 Ba mbooloo ma déggee kàddu yu dëgër
yooyu, dañoo daldi toroxlu, ba kenn
takkootul gànjaram.
5 Fekk na Aji Sax ji wax Musaa ne ko:
«Waxal bànni Israayil ne leen, ñoom askan
wu dëgër bopp lañu. Su ma àndoon ak
ñoom ab diir rekk, dinaa leen faagaagal.
Kon nag nañu tàggook seeni gànjar, ba ma
seet nu may def ak ñoom.»
6 Bànni Israayil a nga dale teqalikook
seeni gànjar ca tundu Xoreb.

### *Yàlla feeñ na cib xayma*

7 Musaa da daan toxal ab xayma, samp
ko fu sorewaatook dal bi, ca biti. Mu di ko
woowe xaymab ndaje mi*. Ku amaan lu
muy diis Aji Sax ji, da daan génn dal bi,
dem ba ca xaymab ndaje mooma ca biti.
8 Bu Musaa jëmaan ca xayma ba,
mbooloo mépp ay daldi taxaw, ku nekk
tollu ci sa bunt xayma, di ko seetaan, ba
mu dugg ca biir xayma ba.
9 Te bu Musaa duggaan ca xayma ba,
taxaaru niir wa day wàcc, ne tekk ca bunt
xayma ba, fekk Aji Sax jaa ngay wax ak
Musaa.
10 Su ko defee bu mbooloo ma mépp
gisee taxaaru niir wa taxaw ca bunt
xayma ba, ñoom ñépp ay daldi sujjóot, ku
nekk ca sa bunt xayma.
11 Aji Sax ji da daan wax ak Musaa ne ko
jàkk. Mu ne ko jàkk, ni nit di waxe ak
moroomam rekk. Bu ca Musaa jógee, daldi
dellu ca dal ba, waaye bëkk-néegu Musaa,
ngóor sa Yosuwe doomu Nuun, daawul
génn biir xayma ba.

### *Musaa layool na bànni Israayil*

12 Musaa nag ne Aji Sax ji: «Waaw, yaw
de yaa ngi ma naa ma yóbbu mbooloo mii,
waaye xamaloo ma kan ngay yebal, mu
ànd ak man. Yaa ma waxoon it ne ma:
"Maa la xam ci saw tur, te it daj nga sama
yiw."
13 Gannaaw daj naa saw yiw nag, rikk
xamal ma li nga namm, ba ma xam la. Su
ko defee ma man di daj saw yiw. Te ngalla
jàppal ne xeet wii kat, ñoo di sa ñoñ.»
14 Aji Sax ji ne ko: «Man ci sama bopp
maay ànd ak yaw te maa lay noppal.»
15 Musaa ne ko: «Soo demul yaw ci sa
bopp kay, bu nu jële fii!
16 Nees di xame ne daj naa saw yiw,
maak sa ñoñ, te fekk ànduloo ak nun, ba nu
doon, maak sa ñoñ, ñu ràññiku ci biir
mboolem xeet yi ci kaw suuf?»
17 Aji Sax ji ne Musaa: «Loolu nga wax,
moom laa lay defal, ndax daj nga samaw
yiw, te it maa la xam ci saw tur.»
18 Musaa teg ca ne ko: «Ngalla may ma
nag ma niir sag leer!»
19 Aji Sax ji ne ko: «Dinaa rombale sama
gépp mbaax fi sa kanam, tey biralaale turu
Aji Sax ji fi sa kanam. Maay baaxe ku ma
neex, te maay ñeewante ku ma neex.»
20 Mu teg ca ne ko: «Doo mana gis sama
kanam nag, ndax doom aadama du ma gis
ba noppi di dund.»
21 Ci kaw loolu Aji Sax ji ne ko: «Xoolal fii
ci sama wet, taxaweel ci kaw doj wi.
22 Bu sama leer di romb, maa lay làq fi
xar-xaru doj wi, yiiraale la sama loxo, ba
jàll,
23 doora dindi sama loxo, nga gis sama
gannaaw, waaye sama kanam, maneesu
koo gis.»

# 34

### *Lu jëm ci àlluway doj yu bees yi*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko: «Yattal
ñaari àlluway doj yu mel ni yu njëkk ya, ma
bind ci kàddu ya woon ca àlluwa yu njëkk
ya nga toj.
2 Nanga waajal ëllëg, te nga teela yéegsi
kaw tundu Sinayi wii, ba teewsi fi man ci
njobbaxtalu tund wi.
3 Bu kenn ànd ak yaw, te bu kenn xand
fenn kaw tund wi. Jur gi sax bumu forsi ci
suufu tund wi, du gu gudd, du gu gàtt.»
4 Musaa nag yatt ñaari àlluway doj yu mel
ni yu njëkk ya, ba noppi teela xëy, yéegi ca
tundu Sinayi, na ko ko Aji Sax ji sante. Ma
nga ŋàbb ñaari àlluway doj ya.
5 Aji Sax ji nag wàcc ci biir aw niir,
taxaw ak Musaa foofa, daldi biral turam,
ne: «Aji Sax ji.»
6 Ci kaw loolu Aji Sax ji romb fa kanam
Musaa, di biral naan: «Aji Sax jee, Aji Sax

* **33.7** Gannaaw ga, mbooloo ma defar na jaamookaay bi, di ko woowe xaymab ndaje mi ba tey.

ji, Yàlla jiy yërëme, di yéwéne, di muñ mer,
boroom ngor gu bare gaak kóllëre ga.
7 Keey saxal ngor ba ci junniy maas yu
toppante, di baale tooñ ak moy ak bàkkaar,
te du ñàkka topp ku tooñ, ag tooñaangeem,
xanaa di topp doom tooñu waajur, ba ca
sët yaak sëtaat ya.»
8 Ba loolu amee Musaa ne gurub fa suuf,
sujjóot,
9 ne ko: «Éey Boroom bi, ndegam daj
naa saw yiw, rikk àndal ak nun rekk,
Boroom bi, ak li mbooloo miy dëgër bopp
lépp! Jéggal nu sunu ñaawtéef ak sunu
bàkkaar rekk, te nga séddoo nu.»

### *Aji Sax ji artu na leen cig bokkaale*

10 Aji Sax ji ne ko: «Maa ngi nii di fas
kóllëre ak yeen. Ci sa kanam mbooloo
mépp laay def ay jaloore yu kenn masula
amal ci àddina sépp, ak ci askan yépp, te
mbooloo, mi nga nekk ci seen biir mépp ay
gis jaloorey Aji Sax ji, jaloore ju raglu ji ma
lay defal.
11 Bàyyileen xel bu baax li ma leen sant
bésub tey jii. Maa ngii di leen dàqal
Amoreen ñi ak Kanaaneen ñi ak Etteen ñi
ak Periseen ñi ak Eween ñi ak Yebuseen ñi.
12 Moytuleena fas kóllëre ak niti réew ma
ngeen jëm, bala ñoo doon ndëgg-sërëx ci
seen biir.
13 Seeni sarxalukaay kay ngeen di màbb;
seen tuuri doj, ngeen rajaxe; seen xer yi
ñuy jaamoo Asera tuur mi, ngeen gor,
14 ndax waruleena jaamu jeneen yàlla,
ngir Aji Sax ji, turu "Ku fiir ki" lay wuyoo,
te Yàlla ju fiir la.
15 Buleen fas kóllëre ak niti réew ma, lu
ko moy dinañu gànctook seeni tuur, rendil
seeni tuur ay sarax, woo leen ca, ngeen
lekk ca seeni sarax.
16 Te it bu ngeen jëlalee seeni doom jabar
ca seen doom yu jigéen, seen jigéen ñooña
dinañu gànctook seeni tuur, ba xiir seen
doom yu góor ci gànctook seen tuur yooyu.
17 «Ay tuur yu ñu móole weñ, buleen ko
móol.

### *Aji Sax ji yeesal na kóllëre gi*

18 «Màggalug ayu bésu Mburu mu amul
lawiir, wormaalleen ko. Diiru juróom
ñaari fan ngeen ciy lekk mburu mu amul
lawiir, ni ma la ko sante bu àppam
taxawee ci weeru Abiib, ndaxte weeru
Abiib ngeen génne fa Misra.
19 «Bépp taaw bu góor maay boroom, ba
ci lépp lu góor lu jur taawloo, muy nag
mbaa gàtt.
20 Waaye lu góor lu mbaam taawloo,
joteleen ko ab gàtt, mu wuutu ko. Su
ngeen ko jotewul lu ko wuutu, dammleen
loos wi. Képp kuy taaw bu góor ci seeni
doom it, nangeen ko jot. Te itam bu kenn
taxawe loxoy neen fi sama kanam.
21 «Juróom benni fan nag ngeen di
liggéey, waaye bésub juróom ñaareel ba,
dalluleen. Bu ngeen doon bey, bu ngeen
doon góob, dalluleen.
22 «Màggalu ayu bésu Ngóob mi, nangeen
ko wormaal, bu ngeen di góob gubi bele yi
njëkka ñor, màggalu Farmàngu mi ci
ndeetel at mi itam, màggalleen ko.
23 Ñetti yoon cim at la seen góor ñépp di
teew fi kanam Boroom bi Aji Sax ji Yàllay
Israayil.
24 Maa leen di dàqal ay xeet, ba yaatal
seen suuf, te diiru ñetti yoon yi ngeen di
teewi cim at fi kanam Yàlla Aji Sax ji, kenn
du ci wuta nangu seenum réew.
25 «Buleen ma rendil benn sarax, di boole
deret jeek lu am lawiir, te gàttu saraxu
bésub Mucc, bumu fanaan ba bët set.
26 «Ngëneeli meññeef ma njëkka ñore ca
seen suuf, moom ngeen di yóbbu seen kër
Yàlla Aji Sax ji.
«Ab tef, buleen ko togge soowum
yaayam.»
27 Aji Sax ji teg ca ne ko: «Nanga bind yii
santaane, ndax ci kaw santaane yii laa
fasook yaw kóllëre, yaak bànni Israayil.»
28 Foofa la Musaa des ak Aji Sax ji diiru
ñeent fukki guddi ak ñeent fukki bëccëg te
lekkul, naanul. Aji Sax ji nag bind ci àlluwa
yi, fukki santaane yi lal kóllëre gi.

### *Musaa dellu na dal ba*

29 Ci kaw loolu Musaa wàcc tundu
Sinayi, ŋàbb ñaari àlluway seede sa. Naka la
Musaa di wàcce ca tund wa, deru kanam
ga di lerxat te yégu ko. Booba ñaaroom
baak Yàlla moo waral loola.
30 Naka la Aaróona ak bànni Israayil gépp
xoolaat Musaa, gisuñu lu moy deru kanam
gay lerxat, ñu daldi koy ragala jege.

31 Musaa nag woo leen, Aaróona ak njiiti
mbooloo ma yépp dikk, mu wax ak ñoom.
32 Gannaaw loolu bànni Israayil ga ca
des gépp doora jegesi, mu dénk leen
mboolem la Aji Sax ji waxoon ak moom ca
kaw tundu Sinayi.
33 Musaa wax ak ñoom ba noppi, daldi
muuroo kaala, làqe ko kanamam.
34 Saa yu Musaa teewiwaan fa kanam
Aji Sax ji, ngir wax ak moom, day muri
kaala gi ba ba muy génn; bu génnee, yegge
bànni Israayil la ñu ko sant.
35 Bànni Israayil nag di gis kanamu
Musaa ak na deru kanam gay lerxate. Su
ko defee Musaa dellu muuruwaat, làq
kanamam, ba ba muy demaat, ngir wax
ak Aji Sax ji.

## Bànni Israayil yékkati na jaamookaay ba

# 35

*(Saar 35—40)*

*Bésub Noflaay du bésu liggéey*

1 Musaa nag dajale mbooloom bànni
Israayil mépp. Mu wax leen ne leen: «Lii
mooy li Aji Sax ji santaane, ngir ñu def ko:
2 juróom benni fan lees di liggéey, waaye
bésub juróom ñaareel ba, seen bésub
Noflaay bu sell bu mat sëkk la, ñeel Aji Sax
ji. Képp ku ci liggéey lenn, dees koy rey.
3 Buleen jafal sax sawara fenn ci seeni
dëkkuwaay, ci bésub Noflaay.»

*Ay sarax war na ci jaamookaay bi*

4 Musaa dellu wax ak mbooloom bànni
Israayil mépp ne leen: «Lii mooy li Aji Sax
ji santaane.
5 «Génneleen ci seen alal saraxu njébbal
bu ñeel Aji Sax ji. Képp ku am yéene ji, na
indil Aji Sax ji ab saraxu njébbal: wurus ak
xaalis ak xànjar,
6 ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar, ak gu xonq curr, ak wëñu lẽe, ak
kawari bëy
7 ak deri kuuy yu ñu wulli, suub xonq,
ak deri piipi ak banti séng,
8 ak diwu oliw gu ñuy taaloo, ak ndàbb
luy xeeñal diwug pal, di xeeñal cuuraay,
9 ak ay peri onigsë, ak yeneen per yu ñuy
tapp ci xar-sànni meek kiiraayal dënn bi.
10 «Mboolem ku xareñ ci yeen, na ñëw,
ngeen def li Aji Sax ji santaane lépp:
11 jaamookaay bi ak xaymaam ak
kiiraayam aki keppoom aki làccam, ak
galan yeek jën yeek tegu yi,
12 ak gaal geek ay njàppoom ak kubeer gi
ñuy amale ag njotlaay, ak rido bi ko làq,
13 ak taabal jeeki njàppoom ak ndabam
yépp ak mburum teewal mi,
14 ak tegukaayu làmp bi, aki
jumtukaayam aki làmpam ak diwu làmp bi,
15 ak sarxalukaayu cuuraay bi aki
njàppoom, ak diwu pal gu sell gi, ak
cuuraay lu xeeñ li; ak kiiraayal buntu
jaamookaay bi,
16 ak sarxalukaayu rendi-dóomal bi, ak
caaxub xànjaram aki njàppoom ak li muy
àndal lépp; mbalkam njàpp mi akub
tegoom,
17 ak sor yi yéew jaamookaay bi aki
jënam aki tegoom, ak lafu buntu ëtt bi,
18 ak xeri jaamookaay bi, ak jën yi yéew
ëtt bi ak seeni buum,
19 ak yére yu yànj yi ñuy liggéeye ci néeg
bu sell bi, yére yu sell yu Aaróona,
sarxalkat bi, ak yérey doomam, yi ñuy sol
bu ñuy sarxal.»
20 Ci kaw loolu mbooloom bànni Israayil
gépp bàyyikoo fa Musaa.
21 Ba mu ko defee mboolem ña ca am
pastéefu xol ak mboolem ña ca seen xel
xiir, ñépp dikk, indil Aji Sax ji saraxu
njébbal ngir defar xaymab ndaje mi,
yékkati ko, tey def màggal gi mu laaj, ngir
itam defar yére yu sell yi.
22 Góor ak jigéen bokk dikk, mboolem ñi
am yéeney xolam, mboolem ñi bëgga indi
wurus, defal ko Aji Sax ji saraxu
yékkati-jébbale; ñii indi ay lam, ñii jaaroy
nopp, ñii jaaroy loxo, ñii ay caq, ñii ay
gànjari wurus yu nekk rekk.
23 Te it mboolem ñi dencoon wëñ gu
baxa te laal yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu
xonq curr ak wëñu lẽe, ak kawari bëy
mbaa deri kuuy yu ñu suub xonq, mbaa
deri piipi, ñoom ñépp a indi la ñu dencoon.
24 Képp ku namma jébbal xaalis mbaa
xànjar, jébbal nga ko Aji Sax ji, te itam képp
ku dencoon bantu séng bu jëm ci mboolem
liggéeyu sarxal bi, indi nga bant bi.

25 Ci biir loolu jigéen ñu xareñ ñépp ëcce
seeni loxo, ngir waajal wëñ gu baxa te laal
yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu xonq curr
ak wëñu lẽe, ñu boole, indi.
26 Mboolem jigéen ñi ko mane te am
yéeneem itam, daldi ëcc kawari bëy.
27 Njiit yi nag indi ay peri onigsë ak
yeneen per yiy tappe ci xar-sànni meek
kiiraayal dënn bi,
28 aki xeeñal, akug diw ngir làmp beek
diwu pal geek cuuraay lu xeeñ li.
29 Mboolem bànni Israayil, góor ñeek
jigéen ñi am yéeney indi lu jëm ci liggéey bi
Aji Sax ji santaane, Musaa jottali, ñoom
ñépp a indil Aji Sax ji ay saraxi yéene.

### *Beccalel ak Oliyab tàmbali nañu liggéey bi*

30 Musaa nag ne bànni Israayil: «Gisleen,
Aji Sax ji moo woo Beccalel ci turam.
Beccalel, Uri mooy baayam; Uri, Ur
Yudeen bi di baayam.
31 Moo ko feesale xelum Yàlla ak xareñte
ak déggin ak xam-xam ak manoorey bépp
xeetu liggéey,
32 ngir muy nas ay liggéeyi wurus ak
xaalis ak xànjar,
33 di yatt per yu muy tapp, di yatt bant,
di liggéey lu nekk.
34 Mayu jàngale itam Aji Sax ji yeb na ko
cib dënnam, moom ak Oliyab, Daneen bi,
doomu Axisamaag;
35 te moo leen feesal xareñte, ngir bépp
liggéey, ci wàllu yatt ak nataal, ak liggéeyu
wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar, ak gu xonq curr ak wëñu lẽe. Mane
nañoo ràbb te itam dañuy sos seen taarali
bopp.

## 36

1 «Kon nag Beccalel ak Oliyab ak
mboolem ñu xareñ ñi Aji Sax ji may
xareñte ak déggin ngir ñu mana jëfe
mboolem sas yi jëm ci liggéeyu néeg bu sell
bi, ñoom ñépp nañu sottal lépp li Aji Sax ji
santaane.»
2 Ba loolu amee Musaa woo Beccalel ak
Oliyab ak mboolem ñi xareñ ñi Aji Sax ji
xareñal, mboolem ñi am yéeney wàllsi ci
liggéey bi, ngir sottal ko.
3 Ba mu ko defee ñu nangoo ci Musaa
mboolem saraxu njébbal bu bànni Israayil
indi, ngir sottal liggéeyu néeg bu sell bi.
Bànni Israayil nag jàppoo suba gu jot di
indil Musaa ay saraxi yéene,
4 ba mboolem liggéeykat yu xareñ yi
nekkoon ci mboolem liggéeyu néeg bu sell
bi, kenn ku ci nekk bàyyi la nga jàppoon,
daldi dikk.
5 Ñu ne Musaa: «Li mbooloo mi indi
wees na dayob liggéey bi Aji Sax ji
santaane.»
6 Musaa nag yéenelu ca dal ba bépp, ñu
ne, ñépp, góor ak jigéen, bu ci kenn
waajalati saraxu njébbal, ñeel néeg bu sell
bi. Fa la mbooloo ma noppee indi.
7 Booba jumtukaay ya doyoon na sëkk,
ba ëpp sax la ñu cay liggéey lépp.

### *Defar nañu néeg bu sell ba*

8 Ba loolu amee mboolem ñu xareñ ñi
bokk ci liggéey bi daldi defar xaymab
jaamookaay bi. Ñu def ko fukki sori rabali
lẽe, yu ànd ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak
wëñ gu xewar ak gu xonq curr. Ñu ñawaale
ci ay nataali serub.
9 Guddaayu sor bu nekk di ñaar fukki
xasab ak juróom ñett, yaatuwaay bi di
ñeenti xasab, sor yépp tolloo.
10 Ñu taqale yii juróomi sor, taqale
juróomi sor yi ci des.
11 Ci kaw loolu ñu ñaw ay takku yu baxa
te laal yolet ci catal sor bi mujj ci benn
taqalante bi, sor bi jeexal taqalante bi ci
des it, ñu def ko noonu.
12 Juróom fukki takku lañu ñaw ci benn
sor bi, ak juróom fukki takku ci catal sor bi
jeexal taqalante bi ci des, takku yi yemoo.
13 Ñu defar juróom fukki lonkuy wurus,
daldi jokkalantee sor yi lonku yi, ba
xaymab jaamookaay bi di benn.
14 Ba loolu weesoo ñu ràbb ay sori
kawari bëy, ngir def ko ab xayma, muy
kiiraay ci kaw jaamookaay bi. Fukk ak
benn lañu def sor yi.
15 Guddaayu sor bu nekk fanweeri
xasab la, yaatuwaay bi di ñeenti xasab, te
fukki sor yeek benn yépp a tolloo dayo.
16 Ñu taqale yii juróomi sor, juróom
benni sor yi ci des it noonu.
17 Ñu sàkk juróom fukki takku ci catal sor
bi jeexal benn taqalante bi, daldi sàkk
juróom fukki takku itam ci catal sor bi
jeexal taqalante bi ci des.

18 Ñu sàkk nag juróom fukki lonkuy
xànjar yu ñu jokkalantee ñaari taqalante yi,
muy benn xayma.
19 Ñu defaral xayma bi malaanum deri
kuuy yu ñu sóob xonq, ak meneen
malaanum deri piipi muy tege ci kawam.
20-22 Gannaaw gi, ñu sàkkal xaymab
jaamookaay bi ay làcci bantu séng yu
sampe. Làcc wu nekk am ñaari kenu yu ñu
lëkkalee galan yu ndaw, te noonu lañu def
làcci jaamookaay bi yépp. Fukki xasab
lañu def taxawaayu làcc wu nekk, def
yaatuwaay bi xasab ak genn-wàll.
23 Ci wàllu làcci jaamookaay bi, ñu sësale
ñaar fukki làcc fi féete bëj-saalum,
24 boole kook ñeent fukki tegukaayi
xaalis yu ronu kenuy ñaar fukki làcc yi,
ñaari tegukaay ronu làcc wi jiitu ngir ñaari
kenoom yi mu àndal, ñaari tegu topp ci,
ronu wépp làcc wu ci topp, ngir ñaari
kenoom yi mu àndal.
25 Geneen wetu jaamookaay gi féete
bëj-gànnaar itam, ñu def ko ñaar fukki làcc,
26 ak seen ñeent fukki teguy xaalis, ñaari
tegu ronu làcc wi jiitu, ñaari tegu topp ci,
ronu wépp làcc wu ci topp.
27 Wetu gannaaw jaamookaay gi féete
sowu, ñu sàkkal ko juróom benni làcc,
28 teg ci ñaari làcc ngir colli jaamookaay
bi ci gannaaw,
29 ñu àndandoo di benn ci suuf te lëkkaloo
ci kaw ci benn lam kepp. Noonu lañu leen
def ñoom ñaar, ñuy ñaari coll yi.
30 Muy juróom ñetti làcc ak seeni teguy
xaalis; di fukki tegu ak juróom benn, ñaari
tegu ronu làcc wu nekk.
31 Gannaaw loolu ñu sàkk ay galani
bantu séng, juróomi galan yiy ànd ak làcc yi
ci genn wetu jaamookaay bi,
32 ak juróomi galan ngir làcci wet gi ci
des, ak juróomi galan ngir làcc yi ci
gannaaw jaamookaay bi, fi féete sowu.
33 Ñu def galanu digg bi ci digg làcc yi,
dale ko cat ba cat.
34 Ci biir loolu ñu xoob làcc yi wurus,
sàkkal leen ay lami wurus yuy téye galan
yi, daldi xoob galan yi it wurus.
35 Ñu sàkk itam rido bi, ràbbe ko wëñ gu
baxa te laal yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu
xonq curr ak wëñu lẽe, ñawaale ci ay
nataali serub.
36 Ñu sàkkal rido bi ñeenti jëni séng yu ñu
xoobe wurus, jën yi ànd ak wékkukaayi
wurus, ñu móolal jën yi ñeenti teguy xaalis.
37 Ñu sàkkal buntu xayma bi kiiraay lu
ñu ràbbe wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ
gu xewar, ak gu xonq curr ak wëñu lẽe,
mu doon liggéeyu ràbb bu rafet,
38 ak juróomi jënam yu ànd ak seeni
wékkukaay. Ñu xoob nag wurus boppi jën
yi ak seeni galan, juróomi teguy jën yi di
xànjar.

# 37

*Defar nañu gaal gi kóllëre gi dence*

1 Beccalel nag defare gaalu kóllëre gi
dénku séng, guddaay bi di ñaari xasab ak
genn-wàll, yaatuwaay bi di xasab ak
genn-wàll, taxawaay bi di xasab ak
genn-wàll.
2 Mu xoob ko wurusu ngalam biir ak
biti, sàkkal ko kéméju wurus gu ko wër.
3 Mu daldi koy móolal ñeenti lami wurus
ci ñeenti tànkam, ñaari lam ci genn wet gi,
ñaar, wet gi ci des.
4 Mu sàkk nag ay njàppuy bantu séng,
xoob bu ci nekk wurus,
5 daldi roof njàppu yi ci lam yi ci weti
gaal gi, ngir ñu di ko yóbboo gaal gi.
6 Ci kaw loolu mu sàkk kubeer ga ñuy
awale njotlaay gu wurusu ngalam,
guddaay bi di ñaari xasab ak genn-wàll,
yaatuwaay bi di xasab ak genn-wàll.
7 Mu sàkk itam ñaari malaakay serub yu
wurus. Liggéeyu tëgg bu jekk la def serub
yi ci ñaari cati kubeeru njotlaay gi,
8 cat lii ab serub, cat lee ab serub, mu
móolaale kubeer gi ak serub yi ci ñaari cat
yi, ñu ànd di benn.
9 Serub yaa ngi tàllal seeni laaf, jëme
kaw, yiire kubeer gi seeni laaf te janoo,
seeni kanam jublook kubeeru njotlaay gi.

*Defar nañu taabalu mburum teewal mi*

10 Ci biir loolu Beccalel sàkk taabalu
bantu séng, guddaay bi di ñaari xasab,
yaatuwaay bi di xasab, taxawaay bi di
xasab ak genn-wàll.
11 Mu xoob ko wurusu ngalam, defal ko
kéméju wurus bu ko wër.

12 Mu defal ko it pegg bu ko wër bu tollu
ci yaatuwaayu ñeenti baaraam, ba noppi
sàkkal pegg bi kéméju wurus, wëralee ko ko.
13 Mu móolal taabal ji ñeenti lami wurus,
daldi we lam yi ci ñeenti wet yi, fi fareek
ñeenti tànk yi,
14 lam yi dendeek pegg bi, di téye njàppu,
yi ñuy yóbboo taabal ji.
15 Mu sàkk ay njàppuy bantu séng, xoob
ko wurus, ñu di ko yóbboo taabal ji.
16 Ci kaw loolu mu sàkk jumtukaay yiy
tege ci taabal ji; ndabam yu tell aki
mbàttoom aki njaqam, ak këllam yi ñuy
tuural Yàlla, lépp di wurusu ngalam.

## *Defar nañu tegukaayu làmp bi*

17 Beccalel sàkk itam tegukaayu làmp bu
wurusu ngalam. Liggéeyu tëgg bu jekk la
def tegukaayu làmp bi, ak taatu tegukaay
bi, ak peru tegukaay bi, ay kaasam aki
kàmbóotam aki mbaram, lépp ànd ak
tegukaay bi, di benn.
18 Juróom benni car a soqikoo ci weti
tegukaayu làmp bi, ñetti car ci gii wet, ñett
ci gi ci des.
19 Ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóori
garabu amànd ñoo nekk ci benn car bi,
kaas bu ci nekk ànd ak ay kàmbóotam aki
mbaram, ñetti kaas yu bindoo ni tóor-tóori
garabu amànd nekk ci car bi ci topp, kaas
bu ci nekk ànd aki kàmbóotam aki
mbaram, ba juróom benni car yi soqikoo
ci per bi, daj.
20 Peru tegukaayu làmp bi itam am na
ñeenti kaas yu bindoo ni tóor-tóori garabu
amànd, ànd ak ay kàmbóotam aki mbaram.
21 Ab kàmbóot a ronu ñaari car, jàpp ci,
beneen kàmbóot ronu ñaari car yi ci topp,
jàpp ci, ab kàmbóot ronu ñaari car yi mujj,
jàpp ci, juróom benni car yi soqikoo ci weti
per bi, daj.
22 Kàmbóot yi ak car yi nag ànd ak
tegukaay bi, di wenn donju wurusu
ngalam wu ñu tëgg ba mu jekk.
23 Mu sàkk juróom ñaari làmpam ak ay
ñiimi feyukaayam ak ay andam, lépp di
wurusu ngalam.
24 Benn talaŋu wurusu ngalam, yemook
fanweeri kilo, ci la sàkk tegukaayu làmp bi
ak mboolem ay jumtukaayam.

## *Defar nañu taabal ju ñuy taale saraxu cuuraay*

25 Ci kaw loolu Beccalel sàkk ci bantu
séng sarxalukaayu cuuraay bu kaare,
guddaay bi di xasab, yaatuwaay bi di
xasab, taxawaay bi di ñaari xasab, ay
béjjénam ànd ak moom di benn bant bi.
26 Mu xoob ko wurusu ngalam ci kaw ak
ci wet yi ba mu daj, ak béjjén yi, daldi koy
sàkkal kéméju wurus gu ko wër.
27 Ñaari noppi wurus la ko sàkkal ci ron
kéméj gi, ci ñaari wetam, ñu jàkkaarloo, di
téye banti njàppu yi ñu koy yóbboo.
28 Ci biir loolu mu sàkk ay njàppuy bantu
séng, xoob lu ci nekk wurus.
29 Mu sàkk nag diwu pal gu sell gi, sàkk
cuuraay lu xeeñ li raxul, def ko njafaan lu
njafaan-kat waajal ba mu baax.

# 38

## *Defar nañu sarxalukaay bi ak mbalkam njàpp mi*

1 Ba tey Beccalel sàkk ci bantu séng
sarxalukaayu rendi-dóomal bu kaare,
guddaay bi di juróomi xasab, yaatuwaay
bi di juróomi xasab, taxawaay bi di ñetti
xasab.
2 Mu sàkkal ko ay béjjénam ci ñeenti
collam, mu ànd aki béjjénam, di benn. Mu
xoob nag lépp xànjar.
3 Mu sàkk jumtukaayi sarxalukaay bi
yépp: ndabi tibbukaayu dóom yi ak
ñiitukaay yi ak këll yi, ak seppikaayi yàpp
yi, ak and yi, jumtukaay yépp di xànjar.
4 Mu sàkkal sarxalukaay bi caax bu ñu
tëgge xànjar, mu ronu peggu sarxalukaay
bi, dale ci suuf ba ci digg sarxalukaay bi.
5 Mu daldi koy móolal ñeenti nopp ci
ñeenti colli caaxu xànjar bi, ñuy téye njàppu
yi.
6 Mu sàkk njàppuy bantu séng, xoob lu ci
nekk xànjar,
7 daldi roof njàppu yi ci nopp yi ci weti
sarxalukaay bi, ngir bu ñu koy yóbbu. Am

* **38.8 *seetuy jigéen ñi:*** booba ay dogi xànjar ju ñu jonj lañu daan def seetu.

pax mu def sarxalukaay bi ci biir; mu
defare ko ay xànq yu tàppandaar.
8 Mu sàkk itam mbalkam njàpp mu ànd
ak tegoom, di xànjar ju jóge ci seetuy
jigéen*, ñi doon liggéey ci bunt xaymab
ndaje mi.

### *Defar nañu ëttu jaamookaay bi*

9 Beccalel nag sàkk wërmbalu ëttu
jaamookaay bi. Wetam, gi fare bëj-saalum
di téeméeri xasabi sori rabal yu ñu ràbbe
wëñu lẽe,
10 seen ñaar fukki jën ànd ak seen ñaar
fukki tegu, di xànjar, wékkukaay yeek
galani jën yi di xaalis.
11 Wetu bëj-gànnaar it di téeméeri xasabi
sori rabal, seen ñaar fukki jën ànd ak seen
ñaar fukki tegu, di xànjar, wékkukaay yeek
galani jën yi di xaalis.
12 Wetu sowu di juróom fukki xasabi
sori rabal, ak seen fukki jën yu ànd ak seen
fukki tegu, wékkukaay yeek galani jën yi di
xaalis.
13 Wetu penku bi ci kanam di juróom
fukki xasab;
14-15 fukki xasabi sori rabal ak juróom fi
làng ak buntu ëtt bi ci genn wetam, ak seen
ñetti jën yu ànd ak seen ñetti tegu, ak fukki
xasabi sori rabal ak juróom, wet gi ci des,
ak seen ñetti jën yu ànd ak seen ñetti tegu.
16 Mboolem sori wërmbalu ëtt bi ba mu
daj, wëñu lẽe la.
17 Teguy jën yi xànjar la, wékkukaayi jën
yeek ay galanam di xaalis, ñu xoob boppi
jën yi xaalis; jëni ëtt bi yépp nag, galani
xaalis lañu leen lëkkalee.
18 Lafu buntu ëtt bi, liggéeyu ràbb bu
rafet la, bu ñu ràbbe wëñ gu baxa te laal
yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu xonq curr
ak wëñu lẽe. Guddaayu laf bi ñaar fukki
xasab la, taxawaay bi yemook yaatuwaay
bi, di juróomi xasab, tollook sori wërmbalu
ëtt bi.
19 Jëni lafu bunt bi ñeent la, seen ñeenti
tegu di xànjar, seeni wékkukaay di xaalis, ñu
xoob kaw jën yi xaalis, galan yi di xaalis.
20 Mboolem xeri jaamookaay bi ak xeri
wërmbalu ëtt bi ba mu daj, lépp xànjar la.

### *Lim nañu jumtukaay yi*

21 Lii nag moo di tënkub dayoy gànjar yi
ñu jëfandikoo ci liggéeyu jaamookaay bi,
jaamookaay bi ñu denc àlluway seede si.
Tënkees na ko ci ndigalu Musaa, te Leween
ñi sasoo tënk bi ci njiital Itamar doomu
Aaróona sarxalkat bi.
22 Fekk na Yudeen bi† Beccalel doomu
Uri, miy doomu Ur, sottal na mboolem li
Aji Sax ji santoon Musaa.
23 Mu àndoon ci ak Daneen bi, doomu
Axisamaag, Oliyab, mu dib yattkat, dib
taaralkat te di liggéeykatu wëñ gu baxa te
laal yolet, ak wëñ gu xewar ak gu xonq
curr ak wëñu lẽe.
24 Wurus wi dem ci liggéey bi bépp,
mboolem liggéeyu jaamookaay bu sell bi,
te muy wurus wu ñu def saraxu
yékkati-jébbal Yàlla, muy juróom ñetti
téeméeri kilo ak juróom ñaar fukk ak
juróom ñaar (877), yemook ñaar fukki talaŋ
ak juróom ñeent (29), ak ñetti téeméeri
garaam (300), muy juróom ñaari téeméer ak
fanweeri (730) siikal, ci siikal bi ñu yoonal
ci néeg bu sell bi.
25 Xaalis bi tukkee ci limeefu askan wi,
ñetti junniy kilo ak ñeenti téeméer ak ñeent
fukk (3 440), yemook téeméeri (100) talaŋ
ak junneek juróom ñaari téeméer ak juróom
ñaar fukk ak juróomi (1 775) siikal, ci siikal
bi ñu yoonal ci néeg bu sell bi,
26 mu xawa tollu ci juróomi garaami
xaalis ak genn wall bopp bu nekk, yemook
genn-wàllu siikal, ci siikal bi ñu yoonal ci
néeg bu sell bi, ñeel képp ku bindu ci
limeef bi, dale ko ci ñi am ñaar fukki at jëm
kaw, ñépp di juróom benni téeméeri junniy
góor ak ñetti junneek juróomi téeméer ak
juróom fukk (603 550).
27 Ñetti junniy ak ñeenti téeméer ak ñaar
fukki (3 420) kiloy xaalis, di téeméeri talaŋ,
ñeel móolub teguy néeg bu sell bi, ak teguy
rido bi. Muy téeméeri tegu ci téeméeri
talaŋ, benn talaŋ ci benn tegu.
28 Ñaar fukki kilo yi des, yemook fukki
kilook juróom ñaar yeek juróom ñaari
téeméeri garaam yeek juróom fukk (17 kilo
750 garaam), muy junneek juróom ñaari
téeméer ak juróom ñaar fukk ak juróomi
(1 775) siikali xaalis, def na ci ay wékkukaay

† **38.22** ***Yudeen bi*** ci waxin wuy tekki ab giir niki boo nee Njóobeen ñi walla Njaayeen ñi.

ngir jën yi, xoob ci boppi jën yi, xoob ci it
galan yi boole jën yi.
29 Xànjar bi ñu def saraxu yékkati-jébbal
Yàlla, ñaari junniy kilo ak ñeenti téeméer ak
ñaar fukk ak benn la (2 421), yemook
juróom ñaar fukki (70) talaŋ ak ñaari
junneek ñeenti téeméeri (2 400) siikal.
30 Mu sàkk ci teguy buntu xaymab ndaje
mi, ak sarxalukaayu xànjar bi, ak caaxub
xànjaram, ak mboolem jumtukaayi
sarxalukaay bi,
31 ak teguy wërmbalu ëtt bi, ak teguy
buntu ëtt bi, ak xeri jaamookaay bi yépp,
ak xeri wërmbalu ëtt bi.

# 39

*Defar nañu yérey sarxalkat yi*

1 Wëñ gu baxa gi te laal yolet nag ak wëñ
gu xewar gi ak gu xonq gi curr, ci lañu
sàkk yére yu yànj yi ñuy liggéeye ci néeg bu
sell bi. Ñu daldi defar yére yu sell, yi ñeel
Aaróona noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
2 Xar-sànni mi, wëñu wurus lees ko
ràbbe, ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ
gu xewar, ak gu xonq curr ak wëñu lẽe.
3 Ay xobi wurus lañu tëgg ba mu jekk, ñu
dagg ko ay wëñ yu ñu ràbbaaleek wëñ gu
baxa gi te laal yolet, ak wëñ gu xewar gi,
ak gu xonq gi curr, ak wëñu lẽe gi. Ñu
daldi ciy ñawaale ay nataal.
4 Ñaari ngàlli mbagg lañu ko defal, daldi
faste wu ci nekk ci ñaari cati xar-sànni mi.
5 Ngañaayu taaral li tege ci kaw, ni
xar-sànni mi lees ko defare, liggéeyaale
kook moom, ñu ànd di benn. Ñu ràbbe ko
wëñu wurus, ak wëñ gu baxa te laal yolet,
ak wëñ gu xewar, ak gu xonq curr, ak
wëñu lẽe, noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
6 Ci kaw loolu ñu we peri onigsë yi, fege
per yi ŋankukaayi wurus, daldi ciy ñaas turi
doomi Israayil yu góor, noonu ñuy ñaase
xàmmikaay yi ñuy torloo.
7 Ñu tapp per yi ci kaw ngàlli waggi
xar-sànni mi, per yi nag taxawe
taxawaayu bànni Israayil, noonu ko Aji
Sax ji sante woon Musaa.

*Defar nañu kiiraayal dënn bi*

8 Ñu sàkk kiiraayal dënn bi, liggéeyaale ko
ay nataal ni xar-sànni mi, ràbbe ko wëñu
wurus, ak wëñ gu baxa te laal yolet, ak
wëñ gu xewar, ak gu xonq curr, ak wëñu
lẽe.
9 Ab kaare bu ñu lem lañu ko def,
guddaay bi, gannaaw bu ñu ko lemee, di
ŋaraleb baaraamu déy ak bu digg,
yaatuwaay bi di ŋaraleb baaraamu déy ak
digg.
10 Ñu we nag ay per ci kaw kiiraayal
dënn bi, def ko ñeenti làngi per. Làng gi
jiitu, peru sarduwan ak peru topaas ak
peru eskarbukal moo ca nekk;
11 ñaareelu làng gi di peru emëródd ak
peru safiir ak peru jamaa,
12 ñetteelu làng gi di peru yasent ak peru
agaat ak peru ametistë,
13 ñeenteelu làng gi di peru kirsolit ak
peru onigsë ak peru jàspë, te per bu ci
nekk ŋankukaayu wurus lees ko wewe.
14 Per yeek turi doomi Israayil yu góor
ñoo tolloo ab lim: muy fukk ak ñaar, ni tur
yi tollu. Ñu ñaas ci tur yi ni xàmmikaayi
torlu, ku nekk ak turam, ba fukki giir yeek
ñaar daj.
15 Ci biir loolu ñu sàkkal kiiraayal dënn bi
ñaari caqi wurusu ngalam yu ci tege, te
rawaasoo ni ay buum.
16 Ñu sàkk itam ñaari ŋankukaayi wurus
ak ñaari jaaroy wurus yu ñu takk ci ñaari
cati kiiraayal dënn bi ci kaw.
17 Ñu nas nag ñaari buumi wurus yi ci
ñaari jaaro yi ci cati kiiraay li.
18 Yeneen ñaari cati buumi wurus yi, ñu
we leen ci ñaari ŋankukaay yi ci kaw ngàlli
waggi xar-sànni mi, ci kanam.
19 Ñu sàkkal ko itam ñaari jaaroy wurus,
yu ñu we ci ñaari cati suufi kiiraay li, fi
féete biir, wet gi tafu ci xar-sànni mi.
20 Ñu sàkkalaat kiiraay li yeneen ñaari
jaaroy wurus, yu ñu we ci suufu ngàlli
xar-sànni mi, fi féete kanam, dendeek sofu
ngàll yi, te tiim ngañaayu xar-sànni mi.
21 Kiiraayal dënn bi, buum gu sew gu
baxa te laal yolet, moom lees ko téyee,
lëkkalee ko jaaroy kiiraay leek jaaroy
xar-sànni mi, kiiraay li dëkke tiim ngañaay
li, ba du teqalikook xar-sànni mi, noonee
ko Aji Sax ji sante woon Musaa.

### *Defar nañu yérey sarxal, yi ci des*

22 Mbubb mi xar-sànni miy tege, lépp,
wëñ gu baxa te laal yolet lees ko ràbbe ba
mu daj.
23 Baatu mbubb maa ngi ci digg bi, mel
ni baatu mbubbam xare, ñu ombe ko omb
bu dëgër, ba mu daj, ngir du xottiku.
24 Ci biir loolu ñu takk ci ombu mbubb
mi, ay doomi gërënaat yu ñu defare wëñ gu
baxa te laal yolet, ak wëñ gu xewar, ak gu
xonq curr, ak wëñu lẽe.
25 Ñu def itam ay jóolóoliy wurusu
ngalam, ba takk jóolóoli yi ci diggante
doomi gërënaat yi, wërale ko ombu mbubb
mi, ba mu daj, jóolóoli yi dox diggante
doomi gërënaat yi.
26 Ab jóolóoli, ab gërënaat, ab jóolóoli, ab
gërënaat ba ombu mbubb mi ñuy sol di
sarxal daj, noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
27 Ñu sàkkal nag Aaróona aki doomam
jàllaabi yu ñu ràbbe wëñu lẽe,
28 ak kaalag lẽe, ak mbaxanay lẽe, ak
tubéyi njiitlaay yu lẽe,
29 ak laxasaay giy liggéeyu ràbb bu rafet,
bu ñu ràbbe wëñu lẽe gu ëccu ba sew, ak
wëñ gu baxa te laal yolet, ak wëñ gu
xewar, ak gu xonq curr, noonee ko Aji Sax
ji sante woon Musaa.
30 Ñu sàkk nag meeteel gu sell gu wurusu
ngalam, muy dogu wurus wu tell, ñu ñaas
ci kawam mii mbind, ni ñuy ñaase
mbindum torlu: «Sell na, ñeel Aji Sax ji».
31 Ñu daldi koy takke buum gu baxa te
laal yolet, téyee ko ko ci kaw kaala gi, na ko
Aji Sax ji sante woon Musaa.

### *Musaa nemmiku na liggéey bi*

32 Noonu la mboolem liggéeyu màkkaanu
jaamookaay bi, maanaam xaymab ndaje
mi mate. Noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa rekk, ni la ko bànni Israayil defe.
33 Ba loolu amee ñu indil Musaa
jaamookaay bi: xayma bi ak yëfam yépp;
lonku yi ak làcc yi ak galan yi ak jën yeek
tegu yi,
34 ak kiiraayal deri kuuy yi ñu sóob
xonq, ak kiiraayal deri piipi yi, ak ridob
xàjjatle bi,
35 ak gaal gi àlluway seede si dence, aki
njàppoom, ak kubeeru njotlaay gi,
36 ak taabal jeek ndabam yépp, ak
mburum teewal mi ciy tege,
37 ak tegukaayu làmp bu wurusu ngalam
bi aki làmpam, làmp yi sësaloo ba jekk ak
mboolemi jumtukaayam, ak diw gi ñuy
taaloo,
38 ak sarxalukaay bu wurus bi, ak diwu
pal gi, ak cuuraay lu xeeñ li, ak kiiraayal
buntu xayma bi,
39 ak sarxalukaayu xànjar beek caaxub
xànjaram, aki njàppoom ak ndabam yépp,
ak mbalkam njàpp mi akub tegoom,
40 ak sori wërmbalu ëtt bi aki jënam aki
tegoom, ak kiiraayal lafu buntu ëtt bi, aki
buumam aki xeram; mboolem jumtukaay
yi ñuy liggéeye ci màkkaanu jaamookaay bi,
xaymab ndaje mi rekk,
41 ak yére yu yànj yi ñuy liggéeye ci néeg
bu sell bi; yére yu sell yu Aaróona sarxalkat
bi, ak yérey doomam yi ñuy sol, di sarxale.
42 Noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa rekk, ni la bànni Israayil sottale
liggéey bi bépp.
43 Musaa nag nemmiku mboolem
liggéey bi, ba gis ne sottal nañu ko; noonee
ko Aji Sax ji santaanee woon, ni lañu ko
defe. Musaa daldi leen ñaanal.

## 40

### *Samp jaamookaay bi jot na*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
2 «Bu keroogee benn fanu weer wi jiitu,
nanga samp màkkaanu xaymab ndaje mi.
3 Nanga yeb ci biir, gaal gi àlluway seede
si dence, te nga làqe gaal gi rido bi.
4 Dugalal taabal ji te taaj ci li muy àndal;
dugalal tegukaayu làmp bi, nga taal ay
làmpam,
5 te nga teg sarxalukaayu cuuraay bu
wurus bi ci kanam gaal gi àlluway seede si
dence, ba noppi nga samp lafu buntu
jaamookaay bi.
6 «Tegal sarxalukaayu rendi-dóomal bi fi
kanam buntu màkkaanu xaymab ndaje mi.
7 Tegal mbalkam njàpp mi ci diggante
xaymab ndaje mi ak sarxalukaay bi, te
nga duy ko ndox.
8 Sampal nag wërmbalu ëtt bi bépp, te
nga we lafu buntu wërmbal bi.

9 «Jëlal nag diwu pal gi, nga diw ci
jaamookaay bi ak li ci biiram lépp, sellale
ko ko, mook yëfam yépp, mu daldi sell.
10 Boo noppee, diwal sarxalukaayu
rendi-dóomal bi, mook ndabam yépp, nga
sellale ko sarxalukaay bi, sarxalukaay bi
daldi sella sell.
11 Nanga diw mbalkam njàpp mi akub
tegoom, nga sellale ko ko.
12 «Indil Aaróona aki doomam ba ci bunt
xaymab ndaje mi, nga sang leen ci ndox
mi.
13 Nga daldi solal Aaróona yére yu sell yi,
diw ko, sellale ko ko, mu doon sama
sarxalkat.
14 Su ko defee nga indi ay doomam, solal
leen ay jàllaabi.
15 Nga diw leen, ni nga diwe seen baay,
ñu doon samay sarxalkat. Seen diwu
googu moo leen sédd sasu carxal bu sax
dàkk, maasoo maas.»
16 Musaa nag def loola. Mboolem
noonee ko ko Aji Sax ji sante, na la ko defe.

### *Musaa samp na jaamookaay bi*

17 Keroog at ma topp ca at ma ñu génne
Misra, ca benn fanu weer wa njëkk, ca
lañu samp jaamookaay ba.
18 Musaa nag samplu jaamookaay bi; ñu
jiital tegu yi, samp làcc yi, we galan yi,
daldi samp jën yi.
19 Ci kaw loolu, ñu firi malaan mi ci kaw
jaamookaay bi, daldi lal kiiraay li ci
kawam, na ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
20 Gannaaw loolu ñu jël àlluway seede si,
yeb ko ci gaal gi, ba noppi roof njàppu yi ci
gaal gi. Ñu daldi teg kubeeru njotlaay gi ci
kaw gaal gi.
21 Ba mu ko defee ñu fat gaal gi ci biir
jaamookaay bi, doora firi ridob xàjjatle bi,
làqe ko ko, na ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
22 Ba loolu amee ñu dugal taabal ji ci biir
xaymab ndaje mi, ci wetu bëj-gànnaaru
jaamookaay bi, ci kanam rido bi.
23 Ñu daldi teg ci kaw taabal ji, tegin wu
jekk, mburu mi fi kanam Aji Sax ji, na ko
Aji Sax ji sante woon Musaa.
24 Ñu dugal nag tegukaayu làmp bi ci biir
xaymab ndaje mi, fi janook taabal ji, ci
wetu bëj-saalumu jaamookaay bi,
25 daldi taal làmp yi fi kanam Aji Sax ji,
na ko Aji Sax ji sante woon Musaa.
26 Ba mu ko defee ñu dugal
sarxalukaayu wurus bi ci biir xaymab
ndaje mi, ci kanam rido bi,
27 daldi taal cuuraay lu xeeñ li ci
kawam, na ko Aji Sax ji sante woon
Musaa.
28 Noonu ñu samp lafu buntu
jaamookaay bi.
29 Sarxalukaayu rendi-dóomal bi nag, ñu
teg ko ci bunt màkkaanu xaymab ndaje mi,
daldi def ci kawam saraxu rendi-dóomal
bi, ak saraxi pepp mi, na ko Aji Sax ji sante
woon Musaa.
30 Ba loolu amee ñu teg mbalkam njàpp
mi ci diggante xaymab ndaje mi ak
sarxalukaay bi, ba noppi duy ko ndoxum
njàpp.
31 Ci la Musaa ak Aaróona aki doomam
di raxas seeni loxo ak seeni tànk,
32 ndax bu ñuy dugg ci xaymab ndaje
mi, ak bu ñuy jegeji sarxalukaay bi, dañuy
jàpp, na ko Aji Sax ji sante woon Musaa.
33 Gannaaw loolu ñu samp wërmbal bi
yéew jaamookaay beek sarxalukaay bi,
daldi samp lafu buntu ëtt bi. Noonu la
Musaa sottale liggéey bi.

### *Leeru Aji Sax ji gane na jaamookaay bi*

34 Ba loolu amee niir wa yiir xaymab
ndaje ma, leeru Aji Sax ji fees jaamookaay
ba,
35 ba Musaa tëlee dugg ca xaymab ndaje
ma, ndax niir wa màkkaanoo kaw xayma
ba, ak leeru Aji Sax ji fees jaamookaay ba.
36 Saa yu niir wa yékkatikoo fa tiim
jaamookaay ba nag, bànni Israayil daldi
tegu ca seen yooni tukki ya.
37 Waaye bu niir wa yékkatikuwul, duñu
dem, ba keroog muy yékkatiku.
38 Ndax booba niiru Aji Sax jaa nga ca
kaw jaamookaay ba, ag bëccëg, te sawara
waa nga ca biir niir wa, ag guddi, waa kër
Israayil gépp di ci gis, seen diiru yooni
tukki ya.

# Sasu sarxalkat yi

Téereb Yonent Yàlla Musaa bii moo joxe ay ndigali yoon aki sàrt yu Yàlla jox Musaa, ngir mu jottali ko bànni Israayil, bi ñu dalee ci tundu Sinayi benn at.

Ci téere bii la Yàlla di xamal bànni Israayil nan lees di dindee mboolem li gàllankoor seenub neexoo ak Yàlla. Yàlla miy Ku sell, di cofeelu neen, di ki yor dund, moo namm ñoñam wàllsi ci cellteem, ngir ñoom itam ñu man di dund ak cofeel.

Almasi bi, bi mu ñëwee benn junni at ak lu topp gannaaw Musaa, tari na aaya 19.18, muy kenug yoonu Yàlla: «Ni ngeen soppe seen bopp nag, nangeen ko soppe seen moroom.» Sarax yi dañoo lëj te naqaree matal, di wone ni Yàlla sibe bàkkaar. Su deret tuuruwul, mbaalug bàkkaar du am, te nit manul jaamu Yàlla li feek jaarul ci yoon wi ko Yàlla xàllal.

Ci tënk:

Saar 1—7 Yàlla digle na ay sarax.
Saar 8—10 Fal nañu sarxalkat yi.
Saar 11—15 Sàrtal nañu lu set ak lu setul.
Saar 16 Lu jëm ci bésub Njotlaay.
Saar 17—26 Yàlla digle ne lu jëm ci sellal.
Saar 27 Lu jëm ci jagleel Aji Sax ji nit ak alal.

## Ay dogal ci mbirum sarax yi

*(Saar 1.1—7.38)*

*Lu jëm ci saraxu rendi-dóomal*

1 Aji Sax ji woo na Musaa, wax ak moom
ca xaymab ndaje ma ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu kenn
ci yeen dee sàkkal Aji Sax ji sarax, na indi
ag jur, muy gu gudd mbaa gu gàtt.
3 «Bu saraxam dee saraxu jur gu gudd gu
ñuy def rendi-dóomal, na sarxal aw yëkk
wu amul sikk. Na ko yóbbu ci bunt
xaymab ndaje mi ci kanam Aji Sax ji, ngir
mu nangul ko ko.
4 Na teg loxoom ci kaw boppu juru
saraxu rendi-dóomal bi, ndax ñu nangul ko
ko, muy njotlaayam.
5 Na rendi yëkk wi ci kanam Aji Sax ji, te
doomi Aaróona yu góor yiy sarxalkat yi
ñooy indi deret ji, xëpp ko ci mboolem weti
sarxalukaay bi ci bunt xaymab ndaje mi.
6 Juru saraxu rendi-dóomal bi, na ko
boroom sarax bi fees, daggat ko.
7 Doomi Aaróona, sarxalkat bi, ñooy jafal
ab taal ci kaw sarxalukaay bi, teg matt mi
ci taal bi.
8 Su ko defee doomi Aaróona yu góor yiy
sarxalkat yi, jël dog yi, booleek bopp bi ak
nebbon bi, teg ko ci kaw mattum taal bi ci
sarxalukaay bi.
9 Nañu raxas yérey biir yi ak yeel yi,
sarxalkat bi boole lépp lakk ci kaw
sarxalukaay bi. Saraxu rendi-dóomal la,
saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel Aji
Sax ji.
10 «Bu saraxam dee ab gàtt bu ñuy def
rendi-dóomal, muy xar mbaa bëy, na
sarxal bu góor bu amul sikk.
11 Na rendi sarax si ci kanam Aji Sax ji,
fa féete sarxalukaay bi bëj-gànnaar. Na
doomi Aaróona yu góor yiy sarxalkat yi
xëpp deret ji ci mboolem weti sarxalukaay
bi.
12 Bu ko boroom sarax bi daggatee ba
noppi, sarxalkat bi day boole dog yeek
bopp bi ak nebbon bi, teg ko ci kaw
mattum taal bi ci kaw sarxalukaay bi.
13 Na boroom sarax bi raxas yérey biir yi
ak yeel yi, sarxalkat bi boole lépp lakk ci
kaw sarxalukaay bi. Saraxu rendi-dóomal
la, saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel Aji
Sax ji.
14 «Bu nit ki dee sarxalal Aji Sax ji
njanaaw luy doon rendi-dóomal, na sarxe
pitax mbaa xati mu ndaw.
15 Na ko sarxalkat bi yóbbu ca
sarxalukaay ba, kutt baat bi, lakk ko ci
kaw sarxalukaay bi. Deret ji dees koy
siital ci wetu sarxalukaay bi, ba mu jeex.
16 Na indi gag bi ak li ci nekk te wetti ko
fa ñuy def dóomu-taal ba, fa féete
sarxalukaay bi penku.
17 Sarxalkat bi day jàpp ci laaf yi, xotti te
bañ koo teqale, daldi koy lakk ci
sarxalukaay bi, ci kaw mattum taal bi.
Saraxu rendi-dóomal la, saraxu sawara
ngir xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji.

**2**

### *Lu jëm ci saraxu pepp*

1 «Bu nit dee indil Aji Sax ji saraxu pepp,
sunguf* su mucc ayib la saraxam wara
doon, mu sotti ci diw, def ci cuuraay,
2 te yót ko doomi Aarón yu góor yiy
sarxalkat yi. Na sarxalkat bi sàkk
barci-loxob sunguf su mucc ayib soosu
ànd ak diw gi, te boole kook cuuraay li
lépp. Na sarxalkat bi def cér boobu saraxu
baaxantal, lakk ko ca kaw sarxalukaay ba,
muy saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel
Aji Sax ji.
3 Li des ci saraxu pepp mi, Aarón aki
doomam ñoo koy féetewoo, muy cér bu
sella sell, bawoo ci saraxi sawara yi ñeel
Aji Sax ji.
4 «Su dee sarxal lu ñu defare pepp, di lu
ñu lakk cib taal ba mu ñor, na doon sunguf
su mucc ayib, di mburu yu amul lawiir yu
ñu xiiwaale diw, mbaa mburu yu sew yu
amul lawiir, ñu sotti diw ca kawam.
5 «Bu saraxam dee lu ñu defare pepp,
lakke ko ci saafukaayu weñ, na doon
sunguf su mucc ayib su ñu xiiwaale diw te
bumu am lawiir.
6 Na ko dammat te sotti diw ca kaw dog
ya. Saraxu pepp la.
7 «Bu saraxam dee lu ñu defare pepp, di
lu ñu saaf ci cin ba mu ñor, na doon sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale diw.
8 «Na yóbbul Aji Sax ji saraxu pepp su ñu
defar ci tegtal yooyu, yót ko sarxalkat bi,
mu yóbbu ko ca sarxalukaay ba.
9 Su ko defee sarxalkat bi génne ci
saraxu pepp mi, ab saraxu baaxantal,
daldi koy lakk ci kaw sarxalukaay bi, muy
saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel Aji
Sax ji.
10 Li des ci saraxu pepp mi, Aarón aki
doomam ñoo koy féetewoo, muy cér bu
sella sell, bawoo ci saraxi sawara yi ñeel
Aji Sax ji.
11 «Du benn saraxu pepp bu ñuy defal Aji
Sax ji muy am lawiir, ndax du lenn ci
lawiir mbaa lem, lu ñu wara lakk, ngir
saraxu sawara su ñeel Aji Sax ji.
12 Saraxi ndoortel meññeef man naa ànd
ak yooyu, waaye du bokk ci sarax su jëm
ca sarxalukaay ba, ñu di ko taal, ngir
xetug jàmm.
13 Seen mboolem saraxu pepp nangeen
ko xorom. Bu seen saraxu pepp ñàkk
mukk xorom, ndax mooy màndargaal seen
kóllëreek seen Yàlla. Seen sarax yépp ngeen
di xorom.
14 «Bu nit dee indil Aji Sax ji saraxu
ndoortel meññeef, na ko indil mbool† mu
ñu séndal, def ko sànqal, muy saraxu
ndoortel meññeefam.
15 Na ci sotti diw ak cuuraay. Saraxu
pepp la.
16 Na sarxalkat bi lakk lenn ci mbool mu
mokk mi ànd ak diw, boole kook cuuraay
li lépp, muy saraxu baaxantal, te di saraxu
sawara ñeel Aji Sax ji.

## 3

### *Lu jëm ci saraxi cant ci biir jàmm*

1 «Su fekkee ne li nit kiy sarxe saraxu
cant la ci biir jàmm, mu di ko jële ci nag wu
góor mbaa wu jigéen, na indil Aji Sax ji lu
amul sikk.
2 Day teg loxoom ci kaw boppu jur gi
muy sarxal, te rendi ko ca bunt xaymab
ndaje ma. Doomi Aarón yu góor yiy
sarxalkat yi daldi xëpp deret ji ci mboolem
weti sarxalukaay bi.
3 Li muy génne ci saraxu cant gi ci biir
jàmm, ñu war koo taalal Aji Sax ji mooy
nebbon bi sàng yérey biir yi, ak lépp luy
nebbon te jàpp ci yérey biir yi,
4 ak ñaari dëmbéen yi ànd ak seen
nebbon ca kaw, jàpp ca fàllare ja, ak bàjjo
bi ci res wi te mu di ko booleek dëmbéen
yi, génne ko.
5 Na doomi Aarón yi boole yooyu lakk
ci kaw sarxalukaay bi, mu tege ci kaw
saraxu rendi-dóomal bi ci kaw mattum
taal bi. Saraxu sawara la ngir xetug jàmm,
ñeel Aji Sax ji.
6 «Su fekkee ne li nit kiy sarxalal Aji Sax
ji saraxu cant la ci biir jàmm, te mu di ko
jële ci jur gu gàtt, gu góor mbaa gu jigéen,
na sarxal lu amul sikk.
7 Su dee sarxal xar, na ko indil Aji Sax ji
8 te teg loxoom ci boppu xar mi muy
sarxe, ñu rendi ko ci bunt xaymab ndaje

* 2.1 Sungufu bele lay doon. † 2.14 Mboolum bele lay doon mbaa mboolum lors.

mi, doomi Aaróona yu góor yi xëpp deret ji
ci mboolem weti sarxalukaay bi.
9 Li muy génne ci saraxu cant ci biir
jàmm bi, muy saraxu sawara ngir xetug
jàmm, ñeel Aji Sax ji, mooy nebbon bi, ak
calgeen bi yépp, ñu doge ko fa sës ca fàllare
ja, ak nebbon bi sàng yérey biir yi, ak lépp
luy nebbon te jàpp ci yérey biir yi,
10 ak ñaari dëmbéen yi ànd ak seen
nebbon ca kaw, jàpp ca fàllare ja, ak bàjjo
bi ci res wi te mu di ko booleek dëmbéen
yi, génne ko.
11 Na sarxalkat bi boole loolu lakk ci
kaw sarxalukaay bi, muy ñam wu ñu lakke
sawara, ñeel Aji Sax ji.
12 «Bu saraxu nit ki dee bëy, na ko indil
Aji Sax ji
13 te teg loxoom ci bopp bi, ñu rendi ko
ci bunt xaymab ndaje mi. Na doomi
Aaróona yu góor yi xëpp deret ji ci
mboolem weti sarxalukaay bi.
14 La mu cay génnee muy saraxu sawara,
ñeel Aji Sax ji mooy nebbon bi sàng yérey
biir yi yépp, ak lépp luy nebbon te jàpp ci
yérey biir yi,
15 ak ñaari dëmbéen yi ànd ak seen
nebbon ca kaw, jàpp ca fàllare ja, ak bàjjo
bi ci res wi te mu di ko booleek dëmbéen
yi, génne ko.
16 Na sarxalkat bi boole loolu lakk ci
kaw sarxalukaay bi, muy ñam wu ñu lakke
sawara, muy xeeñ xetug jàmm gu neex Aji
Sax ji. Mboolem luy nebbon, Aji Sax jeey
boroom.
17 Dogal a ngii, di lu leen war fàww, ak
fépp fu ngeen dëkk: lépp luy nebbon mbaa
deret, buleen ko lekk.»

# 4

### *Lu jëm ci sarax su bàkkaar sabab*

1 Aji Sax ji wax na itam Musaa ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Su fekkee
ne nit ki dafa moy lenn ci santaaney Aji
Sax ji, ba def lenn lu warul te du teyeefam,
li ci war lii la.

### *Li war sarxalkat bu mag bu bàkkaar*

3 «Ndegam sarxalkat bi ñu diw, fal ko,
moo moy, ba yóbbe mbooloo mi tooñ, na
indil Aji Sax ji yëkk wu ndaw wu amul
sikk, muy saraxu póotum bàkkaar ndax
bàkkaar ba mu def.
4 Day yóbbu yëkk wi ci bunt xaymab
ndaje mi, ci kanam Aji Sax ji, daldi teg
loxoom ci boppu yëkk wi, ñu rendi yëkk wi
ci kanam Aji Sax ji.
5 Sarxalkat bi ñu diw, fal ko, na sàkk ci
deretu yëkk wi, yóbbu ci biir xaymab ndaje
mi.
6 Su ko defee sarxalkat bi capp
baaraamam ci deret ji, wis-wisal deret ji
juróom ñaari yoon fi kanam Aji Sax ji, fa
janook ridob néeg bu sell ba.
7 Na sarxalkat bi sàkk ci deret ji, taqal ci
béjjéni sarxalukaayu cuuraay lu xeeñ la ca
biir xaymab ndaje ma ca kanam Aji Sax ji.
Li des ci deretu yëkk wi, na ko tuur ci taatu
sarxalukaay bi ñuy lakk saraxu
rendi-dóomal, foofa ca bunt xaymab ndaje
ma.
8 Na génne lépp luy nebbon ci yëkk wi
ñuy sarxal muy póotum bàkkaar: nebbon bi
sàng yérey biir yi, ak lépp luy nebbon te
jàpp ci yérey biir yi,
9 ak ñaari dëmbéen yi ànd ak seen
nebbon ca kaw, jàpp ca fàllare ja, ak bàjjo
bi ci res wi te mu di ko booleek dëmbéen
yi, génne ko.
10 Mooy ni ñu koy génnee rekk ci yëkku
saraxu cant ci biir jàmm. Sarxalkat bi da
koy boole lakk ca kaw sarxalukaayu
rendi-dóomal ba.
11 Waaye deru yëkk wi ak yàppam wépp
dees koy booleek bopp bi ak yeel yi ak
yérey biir yi ak sébbriit mi;
12 mboolem li des ci yëkk wi daal lay
génne dal bi, yóbbu ko ci béreb bu mucc
sobe, ca jalub dóom ba, daldi taal matt,
lakk ko ca, ba mu dib dóom. Foofa dóom ba
jale lees koy lakke.

### *Lu jëm ci sarax yi war mbooloo mi*

13 «Ndegam mbooloom Israayil mépp a
moy lenn ci santaaney Aji Sax ji, ba def
lenn lu warul te du seen teyeef, muy
seenug tooñ te seetluwuñu ko,
14 bu mbooloo mi nemmikoo moy gi
rekk, war nañoo génne ci jur gu gudd gi
yëkk wu ndaw wuy doon saraxu póotum
bàkkaar, yóbbu ko ca bunt xaymab ndaje
ma.
15 Magi mbooloo mi dañuy teg seeni loxo
ci boppu yëkk wi, fi kanam Aji Sax ji, ba
noppi ñu rendi yëkk wi fi kanam Aji Sax ji.

16 Gannaaw loolu na sarxalkat bi ñu
diw, fal ko, sàkk ci deretu yëkk wi, yóbbu ci
biir xaymab ndaje mi.
17 Na capp baaraamam ci deret ji,
wis-wisal deret ji juróom ñaari yoon fi
kanam Aji Sax ji, foofu ci kanam rido bi.
18 Bu noppee na sàkk ci deret ji, taqal ci
béjjéni sarxalukaayu cuuraay lu xeeñ la ci
kanam Aji Sax ji, ci biir xaymab ndaje mi.
Li des ci deret ji, na ko tuur ca taatu
sarxalukaayu rendi-dóomal ba, ca bunt
xaymab ndaje ma.
19 Na génne lépp li ciy nebbon, lakk ko ci
kaw sarxalukaay bi.
20 Na def ak yëkk woowu na muy def ak
yëkku saraxu póotum bàkkaar rekk. Noonu
lay def ak moom. Ni la ko sarxalkat biy
defale seen njotlaay, ñu am njéggal.
21 Na génne yëkk wi dal bi, taal ko, na
muy taale yëkk wi ñu njëkka wax. Saraxu
póotum bàkkaaru mbooloo mi la.

## *Li war kilifa gu bàkkaar*

22 «Su fekkee ne kilifa moo moy lenn ci
santaaney Yàllaam Aji Sax ji, ba def lenn lu
warul te du teyeefam, mu dig tooñam,
23 bu nemmikoo bàkkaar bi mu def rekk,
na sarxe sikket bu amul sikk.
24 Day teg loxoom ci boppu sikket bi,
rendi ko fa ñuy rendi saraxu rendi-dóomal,
fa kanam Aji Sax ji. Saraxu póotum bàkkaar
la.
25 Na sarxalkat bi capp baaraamam ci
deretu sarax siy póotum bàkkaar, taqal ko
ci béjjéni sarxalukaayu rendi-dóomal bi, ba
noppi tuur deret ji ci taatu sarxalukaayu
rendi-dóomal bi.
26 Na lakk nebbon bi yépp ci kaw
sarxalukaay bi, def ko ni nebbonu saraxu
cant ci biir jàmm. Noonu la ko sarxalkat
biy defale njotlaayal bàkkaaram, mu am
njéggal.

## *Li war baadoolo bu bàkkaar*

27 «Su dee kenn ci baadoolo yee moy
lenn ci santaaney Aji Sax ji, ba def lenn lu
warul te du teyeefam, mu dig tooñam,
28 bu nemmikoo bàkkaar bi mu def rekk,
na sarxe aw bëy wu jigéen wu amul sikk,
ndax bàkkaar bi mu def.
29 Day teg loxoom ci boppu gàttu sarax
soosu di póotum bàkkaar, rendi ko fa ñuy
lakke saraxu rendi-dóomal.
30 Na sarxalkat bi capp baaraamam ci
deret ji, taqal ci béjjéni sarxalukaayu
rendi-dóomal bi; li des ci deret ji da koy
tuur ci taatu sarxalukaay bi.
31 Te it na génne nebbon bi yépp ni muy
génnee nebbonu jur gu ñu def saraxu cant
ci biir jàmm. Na ko sarxalkat bi lakkal Aji
Sax ji ci kaw sarxalukaay bi, muy xeeñ
xetug jàmm gu neex Aji Sax ji. Noonu la ko
sarxalkat biy defale njotlaayal bàkkaaram,
mu am njéggal.
32 «Su fekkee ne am xar lay sarxe, muy
saraxu póotum bàkkaaram, na doon xar mu
jigéen, mu amul sikk.
33 Day teg loxoom ci boppu xar moomu
di saraxu póotum bàkkaar, rendi ko fa ñuy
rendee saraxu rendi-dóomal, muy saraxu
póotum bàkkaar.
34 Na sarxalkat bi capp baaraamam ci
deretu xar miy saraxu póotum bàkkaar, te
taqal ci béjjéni sarxalukaayu rendi-dóomal
bi; li des ci deret ji da koy tuur ci taatu
sarxalukaay bi.
35 Te itam na génne nebbon bi yépp, ni
muy génnee nebbonu xar mu ñuy def
saraxu cant ci biir jàmm. Na sarxalkat bi
lakk loolu ci kaw sarxalukaay bi, mu
dolliku ci saraxu sawara yi ñeel Aji Sax ji.
Noonu la sarxalkat biy defale nit ki
njotlaayal bàkkaar bi mu def, mu am
njéggal.

# 5

## *Ay xeeti bàkkaar a ngi ak li ciy njotlaay*

1 «Bu nit bàkkaaree ndax lu mu dégg
wooteb seede cib àtte, ba noppi baña wax
la mu gis mbaa mu xam ko ca mbir ma,
dees na ko ko topp.
2 «Su fekkee ne nit ki dafa laal lu
sobewu, te seetluwu ko, lu mel ni rab wu
daganul te médd, muy rabu àll mbaa ag
jur, mbaa luy raam, kon sobewu na, tooñ
na.
3 Su fekkee ne nit ki dafa laal sobey nit
ak su mu mana doon, te teyu ko, ba mu
wees, saa yu ko xamee, tooñ na.
4 Su sàgganee it ba giñ ne dina def
nàngam, muy lu baax mbaa lu bon, muy

mboolem ngiñ lu ko rëcc te ba mu koy wax
teyu ko, ba mu wees, saa yu ko xamee,
tooñ na.
5 Ci tooñin yooyu ñu lim war naa wax na
mu tooñe.
6 Na indil Aji Sax ji gàtt bu jigéen, xar
mbaa bëy, muy daanam ndax bàkkaar bi
mu def. Saraxu póotum bàkkaar lay doon,
sarxalkat bi defal ko ko njotlaayal bàkkaar
bi mu def.

### *Lu jëm ci saraxi aji ñàkk*

7 «Nit ki amul lu mat njëgu gàtt, na indil
Aji Sax ji ñaari pitax mbaa ñaari xati yu
ndaw, muy daanam ndax bàkkaar bi mu
def; benn bi di saraxu póotum bàkkaar, bi ci
des di sarax rendi-dóomal.
8 Da koy yót sarxalkat bi, kooku njëkka
rey benn bi, muy saraxu póotum bàkkaar;
na kutt baat bi te bumu teqale bopp beek
baat bi.
9 Day xëpp ci wetu sarxalukaay bi
deretu njanaaw liy saraxu póotum bàkkaar.
Li des ci deret ji dees koy tuur ci taatu
sarxalukaay bi. Saraxu póotum bàkkaar la.
10 Ñaareel bi na ko def saraxu
rendi-dóomal, muy li ñu santaane. Noonu
la ko sarxalkat biy defale njotlaayal
bàkkaar bi mu def, mu am njéggal.
11 «Su amul lu mat njëgu ñaari pitax
mbaa ñaari xati yu ndaw, li muy indi,
sarxal ko ngir bàkkaar bi mu def, ñetti kiloy
sunguf su mucc ayib lay doon, muy
saraxu póotum bàkkaar. Du ci def diw, te du
ci sotti cuuraay, ndax li mu di saraxu
póotum bàkkaar.
12 Da koy yót sarxalkat bi, sarxalkat bi
sàkk ci barci-loxo, muy saraxu baaxantal,
mu daldi koy lakk ca kaw sarxalukaay bi,
mu dolliku ci saraxi sawara yi. Saraxu
póotum bàkkaar la.
13 Noonu la ko sarxalkat biy defale
njotlaayal bàkkaar bi mu def te mu bokk ci
xeeti bàkkaar yooyu ñu lim. Su ko defee
mu am njéggal. Li des ci sarax bi sarxalkat
bee koy moom, mu mel ni bu doon saraxu
pepp rekk.»

### *Lu jëm ci saraxu peyug tooñ*

14 Bu loolu weesoo, Aji Sax ji wax na
Musaa ne ko:
15 «Ku ñàkka wormaal lenn lu ñu sellalal
Aji Sax ji te du teyeefam, daan ba ko war,
mu di ko indil Aji Sax ji, am kuuy mu amul
sikk lay doon, ñuy xayma njëgam, dëppale
dayob xaalis baak natt ba ñu yoonal ca
néeg bu sell ba. Saraxu peyug tooñ la.
16 La mu sàggane woon ca yooyu ñu
sellalal Aji Sax ji da koy fey, ba dolli ci
juróomeelu céru njëg ga mu fey, jox ko
sarxalkat bi. Sarxalkat bi da koy defal
kuuy mi njotlaayam, muy saraxu peyug
tooñ, ngir mu am njéggal.
17 «Su fekkee ne nit ki dafa moy lenn ci
santaaney Aji Sax ji ci lu warul lu mu def,
su ko xamul it, tooñ na, te dees na ko ko
topp.
18 Na indi kuuy mu amul sikk, ñu xayma
njëgam, yót ko sarxalkat bi, muy saraxu
peyug tooñ. Na ko ko sarxalkat bi defal
njotlaayal bàkkaar bi mu def te xamu ko
woon. Su ko defee mu am njéggal.
19 Loolu saraxu peyug tooñ la, ndax
kooka kat tooñ na Aji Sax ji.»
20 Aji Sax ji wax na Musaa ba tey ne ko:
21 «Su nit ñàkkee wormaal Aji Sax ji ci
waxi fen yu mu wax moroomam, ci alal ju
ñu ko tayle mbaa ñu abal ko ko, mbaa muy
lu mu jële ci càcc mbaa àq ju mu lekke ci
moroomam,
22 mbaa muy lu réer boroom, mu for ko,
di ko miim, mbaa mu giñ te du dëgg ci
mbir mu mu mana doon,
23 ku bàkkaare noonu ñu ko waxe, tooñ
na, te na delloo alal ji mu ame ci càcc,
mbaa njublaŋ mbaa tayle ñu ko dénkoon,
mbaa muy lu réer, mu for ko.
24 Su dee leneen lu ko taxoona giñ te du
dëgg itam naka noonu, na ko delloo ba mu
mat sëkk, te saa yu ci nekk da cay dolli
juróomeelu céru njëg ga, jox ko boroom alal
ja, keroog ba muy génne saraxu peyug
tooñam.
25 Na yóbbul Aji Sax ji li ñu koy daan,
muy am kuuy mu amul sikk, ñu xayma
njëgam, muy saraxas peyug tooñ su muy
yót sarxalkat bi.
26 Noonu la ko sarxalkat biy defale
njotlaayam fa kanam Aji Sax ji, mu am
njéggal ci mboolem lu mu defoon te mu
dig tooñam.»

# 6
## Mbirum santaane yu sarxalkat yi

## sasoo

*(Saar 6.1—7.21)*

### *Lu jëm ci saraxi rendi-dóomal*

1 Aji Sax ji waxaat Musaa ne ko:
2 «Santal Aaróona ak doomam yu góor, ne
leen li ñu dogal ci saraxu rendi-dóomal
mooy lii: Ab saraxu rendi-dóomal day
fanaan fi ñu koy lakke ci kaw sarxalukaay
bi, ba bët set, sawara way wéye tàkk ca
kaw sarxalukaay ba.
3 Sarxalkat bi day sol mbubbam mi ñu
ràbbe lẽe, ak tubéyi njiitlaayam ji ñu ràbbe
lẽe. Na tonnee ca sarxalukaay ba dóomu
saraxu rendi-dóomal bi, daldi teg dóom bi
ci wetu sarxalukaay bi.
4 Su ko defee mu summi yéreem yooyu,
sol yeneen te génne dóom bi dal bi, yóbbu
ko fu mucc sobe.
5 Na sawaras sarxalukaay bi wéye tàkk
te du fey. Suba su nekk na ko sarxalkat bi
xamb, ba noppi teg ci saraxu rendi-dóomal
bi, te na lakk nebboni saraxi cant gi ci biir
jàmm.
6 Na sawara wéye tàkk fàww ci kaw
sarxalukaay bi, te bumu fey.

### *Lu jëm ci saraxi pepp*

7 «Li ñu dogal ci saraxi pepp mooy lii: Na
ko doomi Aaróona yu góor joxe fa kanam
Aji Sax ji ca sarxalukaay ba.
8 Barci-loxob sunguf su mucc ayib ànd
ak diwam lees ciy tibbe, boole kook
mboolem cuuraay la ca kaw saraxu pepp
ma, daldi koy lakk ci kaw sarxalukaay bi,
muy xeeñ xetug jàmm gu neex Aji Sax ji, di
saraxu baaxantal.
9 La ca des Aaróona aki doomam yu góor
ñoo koy lekk, te buñu ci boole lawiir. Nañu
ko lekke ci béreb bu sell. Ci biir ëttu
xaymab ndaje mi lañu koy lekke.
10 Deesu ko lakkaaleek lawiir. Seen cér
la bu leen Aji Sax ji sédd ci saraxi
sawaraam. Lu sella sell la, mel ni saraxu
póotum bàkkaar ak saraxu peyug tooñ.
11 Képp kuy góor ci doomi Aaróona yi
man na cee lekk. Seen cér la bu ñu leen
sédde ci saraxi sawara yi ñeel Aji Sax ji, te
dogalal leen ko fàww. Lépp lu ci laal day
doon lu sella sell.»
12 Aji Sax ji wax na Musaa ba tey ne ko:
13 «Li Aaróona aki doomam yu góor di
sarxalal Aji Sax ji, keroog bu ñu koy diw,
fal ko, mooy lii: ñetti kiloy sunguf su mucc
ayib, tollook saraxu pepp bi ñu saxoo bés
bu nekk, te genn-wàll gi di suba, genn-wàll
gi ngoon.
14 Saafukaayu weñ lañu koy lakke,
xiiwaale ko diw, indi xiiw ba, muy saraxu
pepp. Nañu ko def ay dog yu ñuy lakk,
muy xeeñ xetug jàmm gu neex Aji Sax ji.
15 Sarxalkat bi ñuy fal ci doomi Aaróona
yu góor yi, mu war koo wuutu, da koy def
moom itam. Aji Sax ji moo jagoo sarax
boobu fàww, te dañu koy lakk ba mu jeex.
16 Te it mboolem saraxu pepp bu
sarxalkat di defal boppam, dees koy lakk
ba mu jeex. Deesu ci lekk.»

### *Lu jëm ci saraxu póotum bàkkaar*

17 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
18 «Waxal Aaróona ak doomam yu góor ne
leen: Dogal bi ci saraxu póotum bàkkaar
mooy lii: Juru saraxas póotum bàkkaar
dañu koy rendi fa ñu wara rendi juru
saraxu dóomal, fi kanam Aji Sax ji. Lu sella
sell la.
19 Sarxalkat bi koy rendi, muy saraxu
póotum bàkkaar, da ciy lekk, te fu sell lañu
koy lekke, ci biir ëttu xaymab ndaje mi.
20 Lépp lu laal ci yàpp wi, day doon lu
sell, te bu lenn ci deretu sarax si tisee ci
kawi yére, dees koy xaj fa mu tis, ci béreb
bu sell.
21 Su fekkee ne ndabal xandeer lañu
togge woon yàppu sarax sa, nañu ko toj. Bu
doon ndabal xànjar, ñu jonj ko, raxas ko.
22 Képp kuy góor ci askanu sarxalkat sañ
na cee lekk. Lu sella sell la.
23 Waaye juru saraxas póotum bàkkaar
deesu ci lekk lenn te fekk deretam dugg ca
biir xaymab ndaje ma, ñu di ca amal ag
njotlaay ca biir néeg bu sell ba. Loolu du lu
ñuy lekk. Dees koy lakk, ba mu dib dóom.

# 7

### *Lu jëm ci saraxi peyug tooñ*

1 «Liy dogal bi ci saraxas peyug tooñ
mooy lii: Lu sella sell la.
2 Fa ñuy rendee juru saraxu dóomal, fa
lañu wara rendee juru saraxas peyug
tooñ. Deret ji dees koy xëpp ci mboolem
weti sarxalukaay bi.

3 Nebbon ji jépp lañuy sarxal: calgeen bi,
nebbon bi sàng yérey biir yi,
4 ak ñaari dëmbéen yi ànd ak seen
nebbon ca kaw, jàpp ca fàllare ja, ak bàjjo
bi ci res wi te ñu di ko booleek dëmbéen yi,
génne ko.
5 Sarxalkat bi da koy boole lakk ci kaw
sarxalukaay bi, muy saraxu sawara, ñeel
Aji Sax ji, te di saraxu peyug tooñ.
6 Képp kuy góor te bokk ci askanu
sarxalkat yi sañ na cee lekk. Béreb bu sell
lees koy lekke. Lu sella sell la.
7 «Li ci saraxu póotum bàkkaar moo nekk
ci saraxu peyug tooñ, dogal bi di benn ci
yooyu ñaar. Sarxalkat bi def gàtt bi
njotlaay moo koy moom.
8 Su nit joxee ab saraxu rendi-dóomal,
sarxalkat bi mooy féetewoo deru jur gi mu
sarxal.
9 Ci biir loolu bépp saraxu pepp mu ñu
lakk cib taal, mbaa ñu saaf ko ci cin mbaa
ci saafukaayu weñ, sarxalkat bi koy joxe
moo koy moom.
10 Waaye weneen xeetu saraxu pepp mu
mu mana doon, su dee saraxu pepp mu
ñuy xiiwaale diw mbaa muy mu wow,
doomi Aaróona yu góor yépp a koy moom,
ku nekk tollook sa moroom cér.

## *Lu jëm ci saraxi cant ci biir jàmm*

11 «Li yoon dogal ci saraxu cant ci biir
jàmm, te nit sañ koo sarxalal Aji Sax ji
mooy lii:
12 Bu ci nit ki jubloo ag njukkal gu muy
delloo Aji Sax ji, day boole ci saraxu cant
gi ay mburu yu ndaw yu amul lawiir yu ñu
xiiwaale diw ak ay mburu yu tàppandaar
yu amul lawiir, ñu wis diw ca kaw, ak ay
mburu yu ñu lakke sunguf su mucc ayib,
xiiwaale ko diw, noot ko bu baax.
13 Sarax boobu da ciy dolli mburu yu am
lawiir, boole kook saraxu cant googu ci
biir jàmm te mu jublu ci njukkal Aji Sax ji.
14 Nañu jébbal Aji Sax ji ab cér ci sarax
yooyu yépp, muy moomeelu sarxalkat bi
xëpp deretu juru saraxas cant gi ci biir
jàmm ci mboolem weti sarxalukaay bi.
15 Yàppu saraxas cant googu ci biir jàmm
te ñu jublu ci njukkal Aji Sax ji, dees koy
lekk bés bi ñu ko rendee. Du lenn lees ciy
wacc, mu fanaan.
16 «Su sarax si nit kiy génne dee sarax su
ñuy wàccoo ngiñ mbaa saraxu yéene, dees
na ko lekk bés bi ko nit ki joxee, te lu ca
des ba ca ëllëg sa, ñu man koo lekk.
17 Lu des ci yàppu sarax si ba ca
gannaaw ëllëg sa dees koy lakk, ba mu dib
dóom.
18 Waaye kat bu nit lekkee lenn ci yàpp
wu ñu def saraxu cant ci biir jàmm te fekk
mu am ñetti fan, deesul nangul boroom
sarax bi te du ko jariñ dara. Lu seexluwu
la te ku ca lekk mooy gàddu bàkkaaram.
19 Yàpp wu ci laal lenn lu sobewu it
deesu ko lekk. Dees koy lakk. Ci biir loolu
yàppu sarax, képp ku set sañ nga cee lekk.
20 Waaye ku sobewu ku lekk ci yàppu jur
gu ñu defal Aji Sax ji saraxu cant ci biir
jàmm, kooku nañu ko dagge ci askanam.
21 Sobe su mu mana doon, muy lu jóge ci
nit mbaa mala mu daganul mbaa
mboolem lu daganul te seexluwu, ku ci
laal ba noppi, lekk ci lu ñu defal Aji Sax ji
saraxu cant ci biir jàmm, kooku dees koo
wara dagge ci askanam.»

## Lu jëm ci santaane yi war mbooloo mi

*(Saar 7.22-38)*

22 Aji Sax ji dellu wax Musaa ne ko:
23 «Waxal bànni Israayil ne leen: Buleen
lekk lenn luy nebbonu nag mbaa xar
mbaa bëy.
24 Nebbonu jur gu dee mbaa lu rabu àll
fàdd, manees na koo jëfandikoo neneen nu
mu mana doon, waaye deesu ko lekk
mukk.
25 Képp ku lekk ci nebbonu jur gu ñu def
saraxu sawara, ñeel Aji Sax ji, kooku ko
lekk, dees koy dagge ci askanam.
26 Te itam du lenn luy deret lu ngeen di
lekke fenn fu ngeen dëkk, mu jóge ci
njanaaw mbaa ag jur.
27 Képp ku lekk lenn luy deret, dees na
ko dagge ci askanam.»
28 Aji Sax ji dellooti wax Musaa ne ko:
29 «Waxal bànni Israayil ne leen: Képp
kuy jox Aji Sax ji saraxu cantam ci biir
jàmm na indi cér bi Aji Sax ji séddoo ci
saraxu cant googu ci biir jàmm.
30 Ci loxol boppam lay dindee sarax bi
ñuy def saraxu sawara, ñeel Aji Sax ji. Day

indi nebbon bi, boole kook dënn bi, dënn
bi di sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji.
31 Sarxalkat bi day lakk nebbon bi ci
kaw sarxalukaay bi, waaye dënn bi,
Aaróona aki doomam yu góor ñoo ko
moom.
32 Tànkub ndijoor bi jóge ci seen saraxi
cant ci biir jàmm, dees koy jébbal sarxalkat
bi.
33 Doomu Aaróona ji joxe deretu sarax
beek nebbon bi jóge ci saraxu cant gi ci
biir jàmm, kookoo jagoo tànkub ndijoor bi,
muy céram.
34 Li ko waral mooy, man Aji Sax ji
damaa jële ci seen saraxi cant ci biir jàmm,
dënn bi ñuy def saraxu yékkati-jébbale, ak
tànk bi ñu jébbal, jox ko Aaróona, sarxalkat
bi mook doomam yu góor. Seen cér la ba
fàww ci biir bànni Israayil.»
35 Loolooy céri pal yi Aaróona ak
askanam di am ci saraxi sawara yi ñeel Aji
Sax ji, dale ko keroog bu ñu leen teewalee
fi kanam Aji Sax ji, ñu doon ay sarxalkat.
36 Loolu la Aji Sax ji santaane ñu jox leen
ko. Bés bu ñu leen xasee diw, fal leen, mu
daldi doon seen cér ci biir bànni Israayil
ak seen askan ba fàww.
37 Loolu la yoon digle ci wàllu saraxu
rendi-dóomal, ak saraxu pepp ak saraxu
póotum bàkkaar ak saraxu peyug tooñ ak
saraxu xewu colu ak saraxu cant ci biir
jàmm.
38 Loolu it la Aji Sax ji dénkoon Musaa ca
kaw tundu Sinayi, bés ba mu santee bànni
Israayil ca màndiŋu Sinayi ñu di ko génneel
ay sarax.

## Fal nañu sarxalkat yi

# 8

*(Saar 8—10)*

### *Lu jëm ci xewu colug sarxalkat ya*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
2 «Indil Aaróona aki doomam yu góor te
indaale yére yi ak diw gi ñuy fale ak yëkk
wiy saraxu póotum bàkkaar ak ñaari kuuy
yi, boole ca pañeb mburu ya amul lawiir,
3 te nga woo mbooloo mi mépp, ñu daje
ci bunt xaymab ndaje mi.»
4 Musaa def la ko Aji Sax ji sant,
mbooloo ma daje ca bunt xaymab ndaje
ma.
5 Musaa wax mbooloo ma ne leen: «Lii
laay waajal muy li Aji Sax ji santaane
woon ñu def ko.»

6 Ci kaw loolu Musaa indi Aaróona aki
doomam yu góor, ñu sangu,
7 solal Aaróona jàllaabi ba, takkal ko
laxasaay ga, solal ko mbubb ma, tegal ko
ca xar-sànni ma, takkal ko ngañaay la ca
kawam, jàppe ko ko, mu tafu ca kawam.
8 Mu solal ko nag kiiraayal dënn ba,
daldi yeb ca biir kiiraay la jumtukaayi
tegtal ya, di Urim ba ak Tumim ba,
9 la ca tegu mu tegal ko kaala ga ca bopp
ba, takkal ko dogu wurus wu tell wa,
mooy meeteel gu sell ga, mu nekk ca kaw
kaala ga, féete kanam, muy la Aji Sax ji
santoon Musaa.

10 Ba loolu wéyee Musaa jël diwu pal ga,
diw ca jaamookaay baak ya ca biir yépp,
sellale ko yooya,
11 ba noppi wis-wisal ca juróom ñaari
yoon ca kaw sarxalukaay ba, diwe ko
sarxalukaay ba ak mboolem ay ndabam,
boole ca mbalkam njàpp ma, mookub
tegoom ngir yooyu it sell.
12 Mu sotti nag tuuti ci diw gi ñuy fale ci
boppu Aaróona, diw ko, sellale ko ko.
13 Ba mu ko defee Musaa indi doomi
Aaróona yu góor ya, solal leen seeni
jàllaabi, takkal leen ay laxasaay, solal leen
mbaxana, muy la Aji Sax ji santoon
Musaa.

14 Musaa teg ca indi yëkku sarax siy
póotum bàkkaar, Aaróona aki doomam teg
seeni loxo ci kaw boppu yëkku sarax siy
póotum bàkkaar,
15 Musaa rendi ko, sàkk ci deret ji, capp
ci baaraamam, diw ci ñeenti béjjéni
sarxalukaay bi yépp, setale ko
sarxalukaay bi. Mu daldi tuur li des ci
deret ji ci taatu sarxalukaay bi, sellale ko
noonu, muy njotlaayal sarxalukaay bi.

16 Ba loolu amee mu jël nebbon bi sàng
yérey biir yi, ak bàjjo bi ci res wi ak ñaari
dëmbéen yi ànd ak seen nebbon, lakk ko ci
kaw sarxalukaay bi.
17 Li des ci yëkk wi, di der beek yàpp
week sébbriit mi, mu génne ko dal bi, lakk
ko ca biti, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.

18 La ca tegu mu indi kuuyu saraxu
rendi-dóomal bi. Aaróona ak doomam yu
góor teg seeni loxo ca boppu kuuy ma.
19 Musaa rendi ko, xëpp deret ji ci
mboolem weti sarxalukaay bi,
20 daldi daggat kuuy mi, def ko ay dog,
boole bopp beek dog yeek nebbon bi, lakk
ko, ba mu dib dóom.
21 Ba loolu weesoo Musaa boole yérey
biir yi, ak yeel yi, raxas, ba noppi lakk
kuuy mi yépp ca sarxalukaay ba. Loolu
saraxu rendi-dóomal la, ngir xetug jàmm.
Saraxu sawara la, ñeel Aji Sax ji, na ko Aji
Sax ji sante woon Musaa.

22 Gannaaw loolu Musaa indi kuuy ma
ca des, di kuuyu xewu colu. Aaróona aki
doomam teg seeni loxo ci boppu kuuy mi,
23 Musaa rendi ko, sàkk ca deret ja, taqal
ca tabanum noppu ndijooru Aaróona,
taqal ca baaraamu déyu ndijooram ak
baaraamu déyu tànku ndijooram.
24 Musaa doora indi doomi Aaróona yu
góor ya, sàkk ca deret ja, taqal ca seen
tabani noppi ndijoor ak seen baaraamu
déyu ndijoor ak seen baaraamu déyu tànki
ndijoor. La des ca deret ja, Musaa xëpp ko
ca mboolem weti sarxalukaay bi.
25 Ba mu ko defee mu génne nebbon bi,
muy calgeen bi ak nebbon bi sàng yérey
biir yépp, ak bàjjo bi ci res wi ak ñaari
dëmbéen yi ànd ak seen nebbon, ak tànkub
ndijoor bi.
26 Pañe bi def mburu yi amul lawiir,
taaje fi kanam Aji Sax ji, mu sàkke ca menn
mburu mu wërngalu te tàppandaar wu
amul lawiir, ak menn mburu mu ñu xiiwe
diwu oliw, ak menn mburu mu ndaw te
gëna sew, boole ko teg ca kaw nebbon ba
ak tànku ndijoor ba.
27 Mu boole yooyu yépp teg ci loxol
Aaróona ak loxoy doomam yu góor, ngir ñu
def ko sarax bu ñuy yékkati jébbal Aji Sax ji.
28 Ba loolu amee Musaa nangoo ko ca
seeni loxo, teg ko ca kaw saraxu
rendi-dóomal ba, lakk ko ca sarxalukaay
ba. Loolu saraxas xewu colu la woon, ngir
xetug jàmm. Saraxu sawara la, ñeel Aji Sax
ji.
29 Musaa daldi jël dënn biy céram ci
kuuyum xewu colu gi, yékkati ko, jébbal Aji
Sax ji, muy saraxu yékkati-jébbale, di la Aji
Sax ji santoon Musaa.
30 Musaa teg ca sàkk ca diwu pal ga, ak
deret ji ci sarxalukaay bi, wis-wisal ko ci
kaw yaramu Aaróona ak ca kawi yéreem,
wis-wisaale ko ca kaw yarami doomam yu
góor ak ca seen kawi yére. Mu sellal
Aaróona ak ay yéreem, bokk sellalaale ay
doomam ak seeni yére.
31 Musaa wax ak Aaróona aki doomam
yu góor ne leen: «Toggleen yàpp wi ci bunt
xaymab ndaje mi te lekke ko foofa, boole
kook mburu mi ci pañeb saraxi xewu colu
gi, muy la ma santaane woon ne yaw
Aaróona yaak say doom yu góor yeena koy
lekk.
32 Li des ci yàpp wi ak mburu mi,
lakkleen ko, ba mu dib dóom.
33 Waaye bunt xaymab ndaje mi buleen
ko wees diiru juróom ñaari fan, ba bésub
keroog ba seen xewu colu di mat, ndax
juróom ñaari fan lay mat.
34 Lépp lu ñu def tey, Aji Sax ji daa
santaane ñu def ko, mu daldi matal seen
njotlaay.
35 Ci bunt xaymab ndaje mi ngeen di
yem guddeek bëccëg diiru juróom ñaari
fan, boole ci di sàmm ndénkaaneb Aji Sax ji,
ndax ngeen baña dee, ndaxte loolu moo di
li ñu ma santoon.»
36 Aaróona ak doomam yu góor nag def
lépp lu Aji Sax ji santaane woon, Musaa
jottali.

# 9

*Liggéeyu sarxalkat yi tàmbali na*

1 Keroog bésub juróom ñetteel ba, Musaa
woolu na Aaróona ak doomam yu góor,
ñook magi Israayil ña.
2 Mu ne Aaróona: «Sàkkal aw sëllu, muy
saraxas póotum bàkkaar akum kuuy, muy
saraxu rendi-dóomal, te bu ci lenn am sikk,
nga boole indil Aji Sax ji.
3 Te nga wax bànni Israayil ne leen ñu jël
ab sikket, mu doon saraxu póotum bàkkaar,
ak aw sëllu ak am kuuy mu ndaw, lu ci
nekk am at te mucc sikk, ngir saraxu
rendi-dóomal,
4 ak itam aw nag ak am kuuy mu mag,
muy saraxu cant ci biir jàmm, di lu ñuy
rendi fi kanam Aji Sax ji. Nañu defaale

saraxu pepp mu am diw, ndax tey jii Aji
Sax ji dina leen feeñu.»

5 Ba mu ko defee ñu yóbbu ca bunt
xaymab ndaje ma la Musaa santaane
woon, mbooloo ma mépp ñëw, taxaw fa
kanam Aji Sax ji.
6 Musaa ne: «Lii mooy li Aji Sax ji
santaane ne, moom ngeen wara def ngir
leeram feeñu leen.»
7 Musaa wax ak Aaróona ne ko: «Dikkal
fii ci sarxalukaay bi te joxe sa saraxu
póotum bàkkaar ak sa saraxu rendi-dóomal,
nga jotoo ko, yaw yaak mbooloo mi, boo
noppee joxe saraxu mbooloo mi, jote leen
ko, muy li Aji Sax ji santaane.»

8 Aaróona dikk ba ci sarxalukaay bi,
rendi sëllu wi, muy saraxu póotum
bàkkaaram.
9 Gannaaw loolu doomi Aaróona yu góor
ya indil ko deret ja, mu capp ca
baaraamam, taqal ca béjjéni sarxalukaay
ba; la des ca deret ja mu tuur ko ca taatu
sarxalukaay ba.
10 Aaróona jël nebbon bi jóge ci sarax biy
póotum bàkkaar, aki dëmbéenam ak bàjjo bi
ci res wi, mu boole ko lakk ci kaw
sarxalukaay bi, muy la Aji Sax ji santoon
Musaa.
11 Yàpp wi ak der bi, mu génne ko dal ba,
lakk ko, ba mu dib dóom.
12 La ca tegu Aaróona rendi juru
rendi-dóomal bi. Ba loolu amee doomam
yu góor ya jox ko deret ja, mu xëpp ko ci
mboolem weti sarxalukaay bi.
13 Ñu jox ko saraxu rendi-dóomal bi ñu
def dog yu ànd ak bopp ba, mu boole lakk
ca sarxalukaay ba.
14 Loolu wéy, mu raxas yérey biir yi, ak
yeel yi, teg ko ca kaw saraxu rendi-dóomal
ba, lakkaale ko ca sarxalukaay ba.

15 Gannaaw gi, Aaróona indi saraxi
mbooloo mi, jël sikketu mbooloo miy
doon seen saraxu póotum bàkkaar, rendi
ko, sarxal ko, na mu sarxale la jiitu.
16 Ci kaw loolu mu indi saraxu
rendi-dóomal ba, sarxal ko, na ñu ko
diglee.
17 Mu doora indi saraxu pepp mi, sàkk ci
ab tib, lakk ko ca kaw sarxalukaay ba,
dolli ko ca saraxu rendi-dóomalu suba sa.
18 Mu sooga rendi nag wi ak kuuy mi,
defal ko mbooloo mi saraxu cant ci biir
jàmm. Doomam yu góor ya jox ko deret ja,
mu xëpp ko ca wet gu nekk ca sarxalukaay
ba.
19 Waaye lay nebbon ca nag wa ak kuuy
ma, di calgeen ba ak nebbon bi sàng yérey
biir yi, ak dëmbéen yi ak bàjjo bi ci res wi,
20 nebbon yooyu lañu teg ca kaw dënni
nag wa ak kuuy ma, Aaróona lakk ko ca
kaw sarxalukaay ba.
21 Ba mu ko defee Aaróona yékkati dënn
yaak tànku ndijoor ba, defal ko Aji Sax ji
saraxu yékkati-jébbale, muy la Musaa
santaane woon.
22 Ba Aaróona noppee, yékkati na ay
loxoom ca mbooloo ma, ñaanal leen, doora
wàcc. Fekk na mu joxe saraxu póotum
bàkkaar ba, ak saraxu rendi-dóomal ba, ak
saraxu cant ga ci biir jàmm.
23 Musaa ak Aaróona ànd dugg ca biir
xaymab ndaje ma; ba ñu génnee, ñaanal
mbooloo ma, leeru Aji Sax ji feeñu
mbooloo ma mépp.
24 Ci kaw loolu sawara bawoo fi Aji Sax
ji, tàkk ca kaw sarxalukaay ba, xoyom
saraxu rendi-dóomal ba ak nebbon ba.
Naka la mbooloo ma mépp gis loola, daldi
sarxolle, ba noppi dëpp seen jë fa suuf.

# 10

### *Musiba dal na Nadab ak Abiyu*

1 Ci kaw loolu doomi Aaróona yu góor yi
tudd Nadab ak Abiyu jël ku ci nekk ab
andam, def cay xal, def ca cuuraay, indil
ko Aji Sax ji, muy taal bu dul ndigal te
santu leen ko woon.
2 Sawara ne jippét, bawoo fi Aji Sax ji,
lakk leen ba ñu dee fa kanam Aji Sax ji.
3 Musaa ne Aaróona: «Lii la Aji Sax ji
doon wax ba mu nee: “Ci biir ñi may jegeñ
laay feeñal samag sellaay, te ci kanam
mbooloo mi mépp lees may terale.”»
Aaróonaa nga ne cell.
4 Ba mu ko defee Musaa woolu Misayel
ak Elcafan, góor ñiy doomi Usyel, baayu
Aaróona bu ndaw. Mu ne leen: «Kaayleen
jële fi seen bokk yii ci kanamu xaymab
ndaje bi, te ngeen génne leen dal bi.»
5 Ñu jàpp ca seeni jàllaabi, génne leen dal
ba, muy la Musaa santaane woon.

6 Musaa wax Aaróona ak doomam yu
góor yi tudd Elasar ak Itamar ne leen:
«Buleen njañu te buleen ñaawlu di xotti
seeni yére, lu ko moy dingeen dee, te
sànjum Yàlla dina dal ci kaw mbooloo mi
mépp. Waaye seen bokki bànni Israayil
gépp sañ nañoo jooy ñi Aji Sax ji lakk.
7 Bunt xaymab ndaje mi, buleen ko
wees, lu ko moy dingeen dee, ndax diwu
palu Aji Sax jaa ngi ci seen kaw.» Ñu def la
leen Musaa sant.

### *Li war ci sarxalkat*

8 Aji Sax ji wax Aaróona itam ne ko:
9 «Biiñ mbaa naan guy màndal bu ko
kenn ci yeen naan buy duggsi ci biir
xaymab ndaje mi, du yaw, du say doom yu
góor, lu ko moy dingeen dee. Dogal a
ngoogu, di lu leen war fàww, yeen ak seen
askan.
10 Dangeen wara mana ràññee lu sell ak
lu ñu sellalul, dangeen wara ràññee itam
lu set ak lu setul.
11 Nangeen jàngal bànni Israayil
mboolem dogal yi leen Aji Sax ji dénk, te
Musaa jottali leen ko.»
12 Ci kaw loolu Musaa wax ak Aaróona
ak doomam yu góor yi des, di Elasar ak
Itamar, ne leen: «Jëlleen saraxu pepp mi
des ci saraxi sawara yi ñeel Aji Sax ji,
ngeen lekk ko, bañ cee boole lawiir, ci
wetu sarxalukaay bi, ndax lu sella sell la.
13 Lekkleen ko ci béreb bu sell. Sa cér la,
yaw ak say doom yu góor, ci saraxi sawara
yi ñeel Aji Sax ji. Loolu lañu ma sant.
14 Waaye dënnu saraxu yékkati-jébbale bi
ak tànk bi ñu jébbal, lekkleen ko ci béreb bu
mucc sobe, yaak say doom yu góor ak say
doom yu jigéen, ndax seen cér la, ci saraxi
canti bànni Israayil ci biir jàmm, nga
moom ko yaak say doom.
15 Tànk bi ñu jébbal ak dënnu saraxu
yékkati-jébbale bi, mook nebbon bi ñuy def
saraxu sawara, dees koy boole indi yékkati
ko, def ko sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji
Sax ji. Yeena moom yooyu, yaak say
doom, muy seen cér bu ñu leen dogalal
fàww, te di la Aji Sax ji santaane woon.»
16 Gannaaw loolu Musaa laajte, ba am lu
leer ci mbirum sikketu saraxas póotum
bàkkaar bi, ndekete lakk nañu ko, ba mu
dib dóom. Mu mere ca doomi Aaróona yu
góor ya des, di Elasar ak Itamar, ne leen:
17 «Lu waral lekkuleen sarax biy póotum
bàkkaar ci béreb bu sell? Lu sella sell la, ñu
jox leen ko, ngeen war koo yenniku
bàkkaaru mbooloo mi, ba defal leen seen
njotlaay fi kanam Aji Sax ji.
18 Gannaaw dugaleesul deret ji ca biir
néeg bu sell ba, waroon ngeena lekk sikket
bi ci béreb bu sell, muy li ma santaane
woon.»
19 Aaróona ne Musaa: «Xoolal rekk tey ni
bànni Israayil indile Aji Sax ji seen saraxu
póotum bàkkaar ak seen saraxu
rendi-dóomal, te teewul lii dal ci sama
kaw! Bu ma lekkoon tey ci yàppu saraxas
póotum bàkkaar bi, ndax dina neex Aji Sax
ji?»
20 Musaa dégg kàddu yooyu, rafetlu ko.

## Sàrtal nañu lu set ak lu setul

## 11

*(Saar 11—15)*

### *Lu jëm ci mala mu set ak mu setul*

1 Aji Sax ji wax Musaa ak Aaróona ne
leen:
2 «Waxleen bànni Israayil ne leen:
Boroom bakkan yi ngeen di lekk seen
yàpp, ci mboolem mala yiy dox ci suuf
moo di yii:
3 Mboolem mala mu we wa xar,
séddalikoo ñaar, te muy duñññi, moom
ngeen di lekk aw yàppam.
4 Yii ñuy lim, buleen ko lekk: mala muy
duñññi te we wi xarul, mbaa we wi xar te
du duñññi. Lu mel ni giléem, buleen ko lekk
ndax day duñññi, waaye we wi xarul.
Daganul ci yeen.
5 Daman* day duñññi waaye we wi xarul,
kon daganul ci yeen.
6 Lëg day duñññi waaye we wi xarul, kon
daganul ci yeen.
7 Mbaam-xuux, moom, we wi xar na
waaye du duñññi. Kon daganul ci yeen.
8 Aw yàppam, buleen ko lekk, te méddam
buleen ko laal, ci yeen, lenn daganu ci.
9 «Lii nag, sañ ngeen koo lekk, ci
mboolem lu dëkke ndox: mboolem lu ci
am ciiriir aki waasintóor tey nekk ci

* **11.5** ***daman*** xaw naa nirook njomboor.

ndoxum géej mbaa dex, sañ ngeen koo
lekk.
10 Waaye mboolem luy nekk ci géej
mbaa dex, di lépp luy ramm-rammi cim
ndox mbaa mboolem yeneen mbindeef
yuy nekk ci ndox, su amul ciiriir aki
waasintóor, sibleen ko.
11 Lu ngeen seexlu lay doon, kon buleen
ci lekk yàppu lenn te seexluleen méddam.
12 Mboolem luy nekk ci ndox te amul
ciiriir ak waasintóor, seexluleen ko.

13-18 «Li ngeen wara seexlu ci njanaaw yi
te deesu ko lekk moo di jaxaay ak tan, ba
ca mu ñuul ma; ak céeli, bu xonq baak bu
ñuul ba, bu mu mana doon, ak lépp luy
baaxoñ ak lu mu xeetool, ak bànjóoli, ak
mboolem xeeti looy, muy looy mu ndaw
ak looy muy napp ak looy mu gudd nopp
ak looyu màndiŋ, ba ci xar-jéjj ak tiiwi.
Nangeen seexlu maf itam, ak kirigéej ak
mboolem xeeti liccin;
19 ak yébb ak lu xeetook xodd, ak
musejubru ak njugub.

20 «Mboolem gunóor guy naaw tey doxe
ñeenti tànk sibleen ko.
21 Yi ngeen saña lekk daal ci mboolem
gunóor guy naaw tey doxe ñeenti tànk moo
di lépp lu tànk yi ànd aki yeel, mu man caa
tëb-tëbe ci suuf.
22 Li ngeen mana lekk ci yooyu moo di
mboolem xeetu njéeréer ak mboolem
xeetu salleer ak mboolem xeetu soccet ak
yeneen yu ñu xeetool yépp.
23 Waaye mboolem yeneen gunóor yuy
naaw tey doxe ñeenti tànk sibleen ko.

24 «Yii nag da leen di sobeel te képp ku
laal lu ci dee dina yendoo sobe ba jant so.
25 Te itam képp ku for lenn lu dee ci yii,
na fóot ay yéreem, waaye dina yendoo
sobe ba jant so.
26 Mboolem mala mu we wa xar te
séddalikoowul ñaar mbaa du duññi daganul
ci yeen, ku ci laal lenn it sobewu na.
27 Ba tey lépp luy doxe ndëgguy tànkam ci
mboolem boroom ñeenti tànk, daganul ci
yeen te ku laal méddam dina yendoo sobe
ba jant so.
28 Ku for méddam, na fóot ay yéreem te
dina yendoo sobe ba jant so. Yooyu
daganul ci yeen.

29 «Bu loolu weesoo, leneen lu daganul ci
yeen ci rab yu sew-sewaan yiy dox ne
ñàpp ci suuf, mooy kaña ak janax ak xeeti
mbëtt yépp;
30 ak unk ak bar ak sindax buy yéeg, ak
sindax buy dox ci suuf, ak kàkkatar.
31 Yooyoo daganul ci yeen ci mboolem
rab yu sew-sewaan yiy dox ne ñàpp ci
suuf. Képp ku laal lenn lu ci dee dina
yendoo sobe ba jant so.
32 Te it lu ci dee ba wadd ci kaw lenn,
loola day sobewu, nay ndabal bant, mbaa
ndimo, der mbaa ab saaku, mbaa
jumtukaay bu mu mana doon. Nañu sóob
loola ci ndox te du tee mu yendoo sobe ba
jant so, mu doora set.
33 Su fekkee ne lenn a dee ci yooyu,
wadd ci biir ndabal xandeer, lu woon ca
biir sobewu na, te nañu toj ndab la.
34 Ndox mu jóge ci ndab loolu, bu dalee
ci ñam wu dagan, ñam woowu dal nay
sobewu moom itam; bu doon ag naan gu
dagan moo ca nekk it, sobewu na, ak bépp
ndab bu naan ga mana nekk.
35 Lépp lu lenn ci yooyu dee, ba dal ca, la
mu dal sobewu na. Su dee ab puuru ban
mbaa cin, dees koy toj ndax sobewu na te
lu setul la ci yeen.
36 Su fekkee ne loola dee daa wadd ci
biir bëtu ndox mbaa kàmb gu def ndox, du
tee ndox ma laab, waaye ku laal la dee ca
biir sobewu nga.
37 Su la dee waddee ci peppum jiwu, du
tee peppum jiwu ma set;
38 waaye su fekkee ñu kaas pepp ma te
lenn lu dee lu bokk ci yooyu dal ca, pepp
ma daganul ci yeen.
39 «Su mala mu dagan méddee, ku laal
médd ma dina yendoo sobe ba jant so.
40 Képp ku lekk ca médd ma, na fóot ay
yéreem, te du tee mu yendoo sobe ba jant
so. Képp ku for médd ma, na fóot ay yéreem
te du tee mu yendoo sobe ba jant so.
41 «Mboolem mbindeef yu sew-sewaan
yiy dox ne ñàpp ci suuf, sibleen ko. Deesu
ko lekk.
42 Lépp luy watatu, mbaa lu sew di
boroom ñeenti tànk, mbaa mu bare ay tànk
ci mboolem mbindeef yu sew-sewaan yiy
dox ne ñàpp ci suuf, waruleen koo lekk,
ndax lu ñu wara seexlu la.

43 Bu leen tax ba ñu seexlu leen ndax
lenn ci yu sew-sewaan yooyu; buleen ci
taq, di ci sobeel seen bopp,
44 ndaxte man Aji Sax ji maay seen Yàlla.
Kon nag doxleen ci lu sell te sell, ndax
man Ku sell laa. Kon buleen sobeel mukk
seen bopp ci mboolem mbindeef yu
sew-sewaan yiy dox ci suuf.
45 Ndaxte kat man Aji Sax ji maay ki leen
génne woon réewum Misra, di seen Yàlla.
Nangeen sell boog, ndax man Ku sell laa.»
46 Loolu la yoon digle ci wàllu mala ak
njanaaw ak mbindeef yi nekk ci ndox, ak
mboolem mbindeef yu sew-sewaan yiy
dox ne ñàpp ci suuf.
47 Dina taxa ràññaatle lu set ak lu setul.
Dina taxa ràññaatle boroom bakkan yi
dagana lekk ñook boroom bakkan yi
daganula lekk.

# 12

*Li war ci ku wasin*
1 Aji Sax ji wax na Musaa ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Ku ëmb
ba wasin, am doom ju góor, dina sobewu
diiru juróom ñaari fan. Day sobewu ni bu
tolloo ci fan yi muy gis baax.
3 Bu bés ba délsee, nañu xarafal xale bi.
4 Dina ca teg fanweeri fan ak ñett, ngir
setlu ca meret ma. Ci diir booba warula
laal lenn lu ñu sellal, mbaa mu dem ca
xaymab ndaje ma li feek àppu setloom
matul.
5 Su amee doom ju jigéen, dina sobewu
diiru ñaari ayi bés, mu mel ni ku gis baax.
Dina ca teg juróom benn fukki fan ak
juróom benn, doora tàggook sobey meret
ma.
6 «Keroog bu àppu setloom matee, bu
doom ja dee góor, bu dee jigéen, na dem ca
bunt xaymab ndaje ma te yóbbul sarxalkat
bi am kuuy mu am at, muy saraxu
rendi-dóomal, ak xati mu ndaw mbaa
pitax, mu doon saraxu póotum bàkkaar.
7 Na ko sarxalkat bi sarxal fi kanam Aji
Sax ji, def ko njotlaayal wasin-bees wi, mu
doora tàggook sobey meret ma.»
Loolu la yoon digle ci wasin-bees, mu
am doom ju góor mbaa ju jigéen.
8 «Su fekkee ne wasin-bees wi amul
njëgu kuuy, na indi ñaari pitax mbaa ñaari
xati yu ndaw, benn bi di saraxu
rendi-dóomal, bi ci des di saraxu póotum
bàkkaar. Sarxalkat bi defal ko ku jigéen ki
njotlaayam, mu daldi set.»

# 13

*Li war ci jàngoroy der*
1 Aji Sax ji wax na Musaa ak Aaróona ne
leen:
2 «Su nit amee ab tërgën ci yaramam
mbaa ab ër, mbaa ab gàkk bu weex bu
mana doon jàngoroy der juy law ci
yaramam, nañu ko yóbbu ci Aaróona
sarxalkat bi mbaa kenn ciy doomam yu
góor yiy sarxalkat yi.
3 Na sarxalkat bi seet gàkk bi ci yaramu
nit ki; su fekkee ne kawar gi ci gàkk bi dafa
soppiku weex, te mu mel ni lu def pax ci
der bi, jàngoroy der juy law la. Bu
sarxalkat bi gisee loolu, na biral ne nit ki
sobewu na.
4 Waaye su dee ab gàkk bu weex ci
yaram wi te melul ni lu def pax ci der bi,
taxul itam kawar gi ci nekk soppiku weex,
na sarxalkat bi ber nit ki ame gàkk bi diiru
juróom ñaari fan.
5 Na ko sarxalkat bi xoolaat bésub
juróom ñaareel ba. Bu sarxalkat bi seetloo
ne gàkk bi soppikuwul mbaa mu law ci
yaramam, na ko beraat juróom ñaari fan.
6 Na ko sarxalkat bi xoolaat ca bésub
juróom ñaareel ba. Su fekkee gàkk bi di raaf
te lawul ci kaw deru yaram wi, na
sarxalkat bi biral ne nit ki set na; ab ër
doŋŋ la. Day fóot ay yéreem rekk daldi set.
7 Su fekkee ne wóor na ne ër bi law na ci
deru yaramu nit ki, gannaaw ba mu ko
wonee sarxalkat bi, ba mu biral ne set na,
day dellu ca sarxalkat ba.
8 Su boobaa na ko sarxalkat bi xoolaat
ba gis ër bi law ci deru yaram wi, mu
doora biral ne nit ki sobewu na te jàngoroy
der juy law la.
9 «Képp ku ame jàngoroy der juy law,
nañu ko yóbbu ca sarxalkat ba.
10 Na ko sarxalkat bi seet. Su dee ab
tërgën bu weex te kawar gi ci nekk
soppiku weex, boole ci def góom ca biir,
11 kon jàngoroy der juy law la te xas naa
law ci yaram wi. Na sarxalkat bi biral ne
nit ki sobewu na. Du jar mu di ko ber
ndax taq na sobe ba noppi.

12 Su fekkee ne nag jàngoro ji génn naa génn ci yaramu nit ki, sarxalkat bi gis ko fépp, li ko dale ci bopp bi ba ci tànk yi,

13 na ko sarxalkat bi seet bu baax. Bu gisee ne li génn ci yaramam daj na yaram wi yépp, na biral ne nit ki mu dal set na; gannaaw léppam a soppiku weex, set na.

14 Ba tey bés bu ay góom génnaatee ci yaram wi, nit ki sobewu na.

15 Su sarxalkat bi gisee yaramu nit ki def góom rekk, na biral ne sobewu na. Góom boobu génn ci yaram wi sobe la. Jàngoroy der juy law la.

16 Te it bu góom bi soppikoo weex, na dem ca sarxalkat ba.

17 Na ko sarxalkat bi seet, ba gis ne weexaat na, mu biral ne ki jàngoro ji dal set na te kon it set na.

18 «Su nit taabee ba wér,

19 ab tërgën bu weex mbaa gàkk bu weex bu rax xonq feeñ fa taab ba nekkoon, na dem ca sarxalkat ba.

20 Su ko sarxalkat bi seetee ba gis fa taab ba nekkoon mel ni lu def pax, te kawar gi ci nekk soppiku weex, na sarxalkat bi biral ne nit ki sobewu na. Jàngoroy der juy law la, ju juddoo ca taab ba.

21 Waaye su ko sarxalkat bi seetee te gisu ca kawar gu weex, deful pax it te raaf na, na ber nit ki juróom ñaari fan.

22 Su wéree ne jàngoro ji law na ci yaram wi, na sarxalkat bi biral ne nit ki sobewu na. Jàngoroy der juy law la.

23 Su gàkk bi yemee foofu, baña law, légétub taab ba la, te na sarxalkat bi biral ne nit ki set na.

24 «Su nit lakkee, ab gàkk bu weex mbaa bu weex te rax xonq feeñ ca kaw suux wu xonq wa lakk,

25 na ko sarxalkat bi seet. Su kawar gi ci nekk soppikoo weex te gàkk bi mel ni lu def pax, kon jàngoroy der juy law la, ju juddoo ca lakk-lakk ba. Na sarxalkat bi biral ne nit ki sobewu na, ndax jàngoroy der juy law la.

26 Waaye su ko sarxalkat bi seetee, gisul kawar gu weex ci gàkk bi, deful pax it te raaf na, na ber nit ki juróom ñaari fan.

27 Sarxalkat bi da koy seet ca bésub juróom ñaareel ba. Su wéree ne jàngoro ji law na ci yaram wi, na biral ne nit ki sobewu na. Jàngoroy der juy law la.

28 Su gàkk bi yemee foofu te lawul ci yaram wi te raaf na, ab tut la bu juddoo ca lakk-lakk ba. Na sarxalkat bi biral ne nit ki set na, ndax légétub lakk-lakk ba la.

29 «Su fekkee ne góor mbaa jigéen dafa ame jàngoro ci bopp mbaa ci sikkim,

30 na sarxalkat bi seet fi jàngoro ji nekk. Su melee ni lu def pax ci der bi, kawar gu xall te sew nekk ca, na sarxalkat bi biral ne nit ki sobewu na. Loolu wat-wataan la, di ër yuy génn ci bopp mbaa sikkim.

31 Ndegam sarxalkat bi seet na ër wi te niruwul lu def pax, amul it kawar gu ñuul ca biir, day ber nit ki ame ër wi diiru juróom ñaari fan.

32 Sarxalkat bi day seetaat ër wi ca bésub juróom ñaareel ba. Su wat-wataan ji lawul, kawar gu xall nekku ca, te melul ni lu def pax,

33 na nit ki watu waaye du wataale wat-wataan ji. Sarxalkat bi da koy beraat juróom ñaari fan.

34 Na sarxalkat bi seetaat wat-wataan ji ca bésub juróom ñaareel ba. Su wat-wataan ji lawul ci yaram wi te niruwul lu def pax, sarxalkat bi day biral ne nit ki sobewuwul. Nit ki day fóot ay yéreem daldi set.

35 Waaye su wéree ne wat-wataan ji law na ci yaram wi gannaaw ba ñu biralee ne set na,

36 na ko sarxalkat bi dellu seet ba gis ne wat-wataan ji law na ci yaram wi. Su boobaa soxlaatul mu di ca seet kawar gu xall, ndax nit ki sobewu na.

37 Waaye su seetloo ne wat-wataan ji soppikuwul te kawar gu ñuul sax ca, wat-wataan ja wér na, nit ki it set na. Na sarxalkat bi biral ne nit ki set na.

38 «Su góor mbaa jigéen amee ay gàkk-gàkk yu weex ci yaram wi,

39 sarxalkat bi seet ko, gàkk yooyu ci yaram wi di lu weex, xawa xall, xam rekk la, ju feeñ ci yaram wi waaye nit ki set na.

40 «Góor gu bopp ba amatul kawar dafa leel waaye set na.

41 Bu bopp bi ñàkkee kawar fi féeteek kanam gi, jë baa leel waaye set na.

42 Waaye su amee gàkk bu weex bu feeñ te rax xonq ci leelub ndaal bopp mbaa jë,

jàngoroy der la juy màgg tey génn ci leelub
ndaal bopp mbaa jë.
43 Sarxalkat bi da koy seet. Ndegam ay
tërgën yu weex te rax xonq a ngi ci leelub
ndaal bopp bi mbaa jë bi, mu mel ni
jàngoroy der juy law ci yaram wi,
44 nit ki ànd naak jàngoro te taq na sobe.
Na sarxalkat bi biral ci lu leer ne nit ki
sobewu na ndax jàngoro ji ci bopp bi.
45 «Ku ànd ak jàngoroy der juy law nag
yére yu xottiku lay sol te day njañu*. Na
muur li ko dale ci tuñum kaw mi ba ci
sikkim bi, te nay jàppoo àddu ca kaw naan:
“Setuma de, setuma!”
46 Fii ak jàngoro jaa ngi ci moom, day
sobewu te gannaaw daa sobewu, na dëkk
moom doŋŋ te na dëkkuwaayam génn dal bi.

## *Li war ci këf ku teg liir*

47 «Su ndimo xuuree, teg aw liir, muy
ndimol kawaru gàtt gu ñu ëcc mbaa
ndimol lẽe,
48 mu tegu ci li ñu ràbbe ak lẽe walla ak
kawar gu ëccu walla der bu ñu wulli walla
mboolem lu ñu defare der,
49 su liir wi nëtëxee mbaa mu xonq, tege
ci yére mbaa der mbaa lu ñu ràbb mbaa lu
ñu defare der, liir wuy law la. Dees koy
won sarxalkat bi.
50 Na sarxalkat bi nemmiku liir wi, ba
noppi ber këf ki teg liir wi diiru juróom
ñaari fan.
51 Bésub juróom ñaareel ba na seet liir wa.
Su liir wa lawee ca kaw këf ka, muy ndimo
mbaa lu ñu ràbb mbaa der mbaa
jumtukaayu der, kon liir wu aaytal la te
këf ka sobewu na.
52 Da koy lakk, ndax liir wu aaytal la,
muy ndimo mbaa lu ñu ràbb mbaa
kawaru gàtt gu ñu ëcc mbaa lẽe mbaa lu
ñu defare der te liir wa tegu ca. Dees koy
lakk, ba mu dib dóom.
53 Waaye kat bu sarxalkat bi seetloo ne
liir wi lawul ci këf ki, muy ndimo mbaa
bàgg mbaa poqe mbaa jumtukaayu der,
54 na santaane ñu fóot ko, mu daldi koy
beraat juróom ñaari fan.
55 Ndegam nag gannaaw ba ñu fóotee këf
ka teg liir, sarxalkat bi seet ko, te liir wi
soppiwul melo, bu lawul it setul. Dees koy
lakk, ba mu dib dóom, su yàqoo biir ak su
yàqoo biti yépp.
56 Su sarxalkat bi gisee gannaaw ba ñu
fóotee këf ka ne, liir wi raaf na, na dagg
sànni fa tegoon liir ca këf ka, muy ndimo
mbaa der mbaa bàgg mbaa poqe.
57 Su liir wa génnaatee ca këf ka, muy
ndimo mbaa lu ñu ràbb mbaa lu ñu defare
der, kon liir wuy màgg la. Këf ka teg liir
dees koy lakk, ba mu dib dóom.
58 Ndegam liir wa deñ na, gannaaw ba
ñu fóotee këf ka, muy ndimo mbaa lu ñu
ràbb mbaa lu ñu defare der, dees koy
fóotaat, mu doora set.»
59 Loolu la yoon digle ci liir wuy law wu
tegu ci ndimol kawar gu ëccu mbaa ci
ndimol lẽe mbaa ci yére yu ñu ràbb mbaa
lu ñu defare der. Ci digle yooyu lañuy tegu,
ba mana biral ne këf ka set na am setul.

# 14

## *Li war ci laabal boroom jàngoroy der*

1 Aji Sax ji teg na ca ne Musaa:
2 «Li yoon digle ci mbirum nit ku ame
jàngoroy der juy law, keroog bés ba ñuy
laabal nit ki, mooy lii: Nañu ko yegge
sarxalkat bi.
3 Sarxalkat bi day génn dal bi, bu koy
seet. Su nit ki demee ba jàngoroy der ji ko
daloon wér,
4 sarxalkat bi day santaane, ñu indil nit
kooku ñuy laabal ñaari picc yu dagan tey
dund, ak bantu garabu seedar, ak wëñ gu
xonq curr, ak caru garabu isob*.
5 Na sarxalkat bi santaane, ñu rendi
menn picc mi, tiimale ko ndabal xandeer
lu def ndox mu balle ci bëtu ndox.
6 Picc miy dund da koy booleek bantu
seedar bi ak wëñ gu xonq curr gi ak caru
isob bi, boole lépp sóob ci deretu picc ma
ñu rendi woon tiimale ko ndox mi balle ci
bëtu ndox.
7 Bu loolu amee sarxalkat bi wis-wisal
juróom ñaari yoon ci kaw ki ñuy laabal,
ngir mu tàggook sobey jàngoro ji. Su ko
defee sarxalkat bi biral ne set na. Bu
noppee na bàyyi picc miy dund mu naaw
ca àll ba.
8 Ku ñuy laabal day fóot ay yéreem, watu
ba set te sangu, doora set. Gannaaw loolu

* **13.45** Dafa wara ñaawlu ni bu nekkoon ci dëj, ngir artu nit ñi ba ñu sore ko, ndax setul.
* **14.4** ***isob,*** as ngarab la su car ba sëq, ba ñu man koo diwe.

man naa dugg ci dal bi, waaye na yem ca
bunt xaymaam ca biti diiru juróom ñaari
fan.
9 Bésub juróom ñaareel ba na watu ba set,
bopp beek sikkim beek yeen yi ak kawar
gi ci des yépp lay wat, fóot ay yéreem,
sangu, daldi set.
10 Bésub juróom ñetteel ba na indi ñaari
kuuy yu amul sikk, ak menn xar mu jigéen
mu am at te amul sikk ak juróom ñeenti
kiloy sunguf su mucc ayib su ñu xiiwe
diw, muy saraxu pepp. Mu indaale
genn-wàllu liitaru diw.
11 Sarxalkat biy laabal nit ki day indi nit
ki, mu ànd ak loolu lépp, taxaw fi kanam
Aji Sax ji, ci bunt xaymab ndaje mi.
12 «Sarxalkat bi teg ca jël menn kuuy mi,
rendi ko, muy saraxu peyug tooñ, boole
kook genn-wàll liitaru diw ga, def ko sarax
bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji.
13 Nañu rendi kuuy mi ci béreb bu sell, fi
ñuy rendee juru saraxu póotum bàkkaar ak
saraxu rendi-dóomal, ndax li nekk ci
saraxu peyug tooñ moo nekk ci saraxu
póotum bàkkaar, sarxalkat bee ko moom; lu
sella sell la.
14 Na sarxalkat bi sàkk ci deretu jur giy
saraxu peyug tooñ, taqal ko ci tabanu
noppu ndijooru nit ki ñuy laabal ak
baaraamu déyu ndijooram ak baaraamu
déyu tànku ndijooram.
15 Bu sarxalkat bi noppee, na sàkk ci
genn-wàll liitaru diw gi, sotti ko ci biir
loxol càmmoñu boppam.
16 Na sarxalkat bi capp baaraamu
joxoñu ndijooram ci diw gi ci loxol
càmmoñam, daldi wis-wisale diw gi
baaraamam, ba mu mat juróom ñaari yoon
fi kanam Aji Sax ji.
17 Na sarxalkat bi sàkk ci diw gi des ci
loxoom, tooyal ci tabanu noppu ndijooru
nit ki ñuy laabal ak baaraamu déyu
ndijooram ak baaraamu déyu tànku
ndijooram; nañu ko laalal ci diw gi fa ñu
ko njëkkoona taqal ci deretu sarax siy
peyug tooñ.
18 Li des ci diw gi ci loxol sarxalkat bi, na
ko diw ci boppu nit ki ñuy laabal. Noonu
la ko sarxalkat bi defale njotlaayam fi
kanam Aji Sax ji. Ba loolu amee sarxalkat
bi rendi sarax biy póotum bàkkaar,
19 defal ko ki ñuy laabal njotlaayam ngir
mu tàggook sobeem. Te itam na sarxalkat
bi rendi saraxu dóomal bi,
20 boole saraxu rendi-dóomal ak saraxu
pepp mi, joxe lépp ci kaw sarxalukaay bi,
defal ko nit ki njotlaayam, mu set.

21 «Su fekkee ne nit ki dafa ñàkk ba
dooleem matewu ko, na wut menn kuuy,
muy saraxu peyug tooñ, di saraxu
yékkati-jébbale, ngir njotlaayam, boole
kook ñetti kiloy sunguf su mucc ayib,
xiiwe ko diw, muy saraxu pepp. Na
indaale genn-wàll liitaru diw,
22 ak ñaari pitax mbaa ñaari xati yu
ndaw, lu mu ci gëna jekku rekk. Menn mi
saraxu póotum bàkkaar la, mi ci des di
saraxu rendi-dóomal.
23 Da koy indil sarxalkat bi, ngir mu
laabal ko bu bés ba délsee, ca bunt xaymab
ndaje ma, fi kanam Aji Sax ji.
24 Sarxalkat bi day jël kuuyu sarax siy
peyug tooñ ak genn-wàll liitaru diw gi,
boole ko, muy sarax bu ñuy yékkati, jébbal
Aji Sax ji.
25 Gannaaw gi, ñu rendi kuuy miy
saraxu peyug tooñ, sarxalkat bi sàkk ci
deret ji, taqal ci tabanu noppu ndijooru
nit ki ñuy laabal ak baaraamu déyu
ndijooram ak baaraamu déyu tànku
ndijooram.
26 Bu sarxalkat bi noppee, na sotti tuuti
ci diw gi ci loxol càmmoñu boppam.
27 Baaraamu joxoñu ndijooram lay
wis-wisale diw gi ci loxol càmmoñam ba
muy juróom ñaari yoon fi kanam Aji Sax ji.
28 Loolu wéy sarxalkat bi wara sàkk ci
diw gi ci loxoom, tooyal ca tabanu noppu
ndijooru ki ñuy laabal ak baaraamu déyu
ndijooram ak baaraamu déyu tànku
ndijooram; na ko def ca béreb boobu mu
taaj deretu sarax siy peyug tooñ.
29 Li des ci diw gi ci loxol sarxalkat bi na
ko diw ci boppu ki ñuy laabal, defal ko ko
njotlaay fi kanam Aji Sax ji.
30 Bu noppee na rendi menn pitax mi
mbaa menn xati mu ndaw mi, lu mu ci
gëna jekku rekk,
31 menn mi di saraxas peyug tooñ, mi ci
des di saraxu rendi-dóomal, te mu boole
kook saraxu pepp mi. Noonu la sarxalkat

biy defale ki ñuy laabal njotlaayam fi
kanam Aji Sax ji.»
32 Loolu la yoon digle ci mbirum nit ku
ànd ak jàngoroy der juy law te dooleem
matewul sarax yi ñu koy laabale.

### *Li war ci néeg bu teg liir*

33 Aji Sax ji wax na Musaa ak Aaróona ne
leen:
34 «Bu ngeen demee ca réewu Kanaan ga
ma leen jox muy seen moomeel, bu ma
tegee liir wuy law ba xuural ab néeg foofa
ca seen réewum bopp,
35 boroom néeg bi dafa wara dem ca
sarxalkat ba ne ko: “Lu mel ni aw liir laa
gis sama néeg.”
36 Su boobaa na sarxalkat bi santaane,
ñu génne lépp lu nekk ca néeg ba, bala muy
dugg di seet liir wi. Su ko defee du am
lenn lu nekk ca néeg ba, lu muy biral ne
sobe topp na ko. Gannaaw loolu sarxalkat
bi dugg, seet néeg bi.
37 Bu sarxalkat bi seetee liir wi ci miiri
néeg bi ca biir, muy ay xóot-xóot yu xawa
nëtëx, mbaa mu xawa xonq, mel ni lu def
pax ci miir bi,
38 na génn néeg bi te tëj néeg bi diiru
juróom ñaari fan.
39 Bésub juróom ñaareel ba na sarxalkat
bi délsi seet néeg bi. Bu liir wi lawee ci
miiri néeg bi,
40 na sarxalkat bi santaane, ñu teggi doj
yi liir wi xuural, boole ko génne dëkk bi,
sànni ko fu setul.
41 Na xeetlu biir néeg bi ba mu daj, te
pënd ba ñu ca xeete dees koy génne dëkk
ba, tuur ko fu setul.
42 Dañoo wara sàkkaat ay doj, wuutale ko
doj yooyu te sàkk ban bu bees, raaxe ko
néeg bi.
43 «Su liir wi delloo tegu ci biir néeg bi
gannaaw bu ñu teggee doj yi, xeet biir
néeg bi, ba raax ko,
44 sarxalkat bi day dikk seet ko. Su liir
wi lawee ci néeg bi, liir wu aaytal la wu
xuural biir néeg bi, di sobe.
45 Néeg ba dees koy daane, boole doj
yaak bant yaak banu raax ba bépp, génne
ko dëkk bi, tuur ko fu setul.
46 «Ku dugg biir néeg bi diiru fan yi mu
tëje dina yendoo sobe ba jant so.
47 Ku tëdd ca biir néeg ba war naa fóot ay
yéreem te ku fa lekke it war naa fóot ay
yéreem.
48 «Su sarxalkat ba delloo ca néeg ba,
seet ko, fekk liir wa lawul ca néeg ba,
gannaaw ba ñu ko raaxee, na biral ne néeg
bi set na, ndax kon liir wa raaf na.
49 Liy laabal néeg bi moo di mu sàkk
ñaari picc ak bantu garabu seedar ak wëñ
gu xonq curr ak caru isob.
50 Day rendi menn picc mi, tiimale ko
ndabal xandeer mu def ndox mu balle ci
bëtu ndox.
51 Bu noppee na jaxase deretu picc mi
ñu rendi ak ndox mu balle ci bëtu ndox,
daldi jël bantu seedar bi ak caru isob bi ak
wëñ gi xonq curr ak picc miy dund, boole
lépp sóob ca. Su ko defee mu wis-wisal ca
juróom ñaari yoon ci néeg bi.
52 Kon li muy laabale néeg bi moo di
deretu picc mi ak ndox moomu ak picc
miy dund ak bantu seedar bi ak caru isob
bi ak wëñ gi xonq curr.
53 Na bàyyi picc miy dund fu génn dëkk
ba, mu naaw ca àll ba. Noonu lay defe
njotlaayal néeg bi, mu set.»
54 Loolu la yoon digle ci lépp luy jàngoroy
der juy law ak wat-wataan,
55 mbaa liir wu tegu ci ndimo mbaa ci
néeg,
56 ak ci wàllu tërgën itam mbaa mu diy ër
mbaa gàkk bu weex;
57 mooy tegtal biy xamle lu set ak lu
setul. Loolu la yoon digle ci jàngoroy der
juy law mbaa liir.

# 15

### *Lu jëm ci sobey góor*

1 Aji Sax ji wax na it Musaa ak Aaróona
ne leen:
2 «Waxleen ak bànni Israayil ne leen:
Góor gu ànd ak jàngoro ju sabab ngóoraam
di xelli mbér, kooku sobewu na.
3 Mbér mi muy xelli moo ko sobeel; su
ngóora liy xelli mbér mbaa su ko mbér mi
fattee, waa ji sobewu na.
4 Lal ba mu tëdd sobewu na, te lépp lu
mu toog loola sobewu na.
5 Képp ku laal lalam, na fóot ay yéreem,
sangu, te du tee mu yendoo sobe ba jant
so.

6 Ku toog ci lenn lu boroom jàngoroy
xelli toogoon, na fóot ay yéreem, sangu, te
du tee mu yendoo sobe ba jant so.
7 Ku laal boroom jàngoroy xelli war naa
fóot ay yéreem, sangu, te du tee mu ànd ak
sobe ba jant so.
8 Su ku ànd ak jàngoroy xelli tiflee ku
taqul sobe, na kooku fóot ay yéreem, sangu,
te du tere mu yendoo sobe ba jant so.
9 Gépp tegu daamar gu boroom jàngoroy
xelli waroon, sobewu na.
10 Ku laal lenn lu mu toogoon lu ko féete
woon suuf dina yendoo sobe ba jant so, te
képp ku yékkati loola na fóot ay yéreem,
sangu, te du tere mu yendoo sobe ba jant
so.
11 Boroom jàngoroy xelli bu raxasul ay
loxoom, ku mu laal, kooku, na fóot ay
yéreem, sangu, te du tere mu yendoo sobe
ba jant so.
12 Ndabal xandeer lu boroom jàngoroy
xelli laal, dees koo wara toj. Su dee
mboolem ndabal bant, dees koy raxas.
13 «Gannaaw loolu bu boroom jàngoroy
xelli ji tàggook sobey jàngoro ja, dafa wara
waññ juróom ñaari fan ngir setlu, ba noppi
fóot ay yéreem, sangoo ndox mu balle ci
bëtu ndox, doora set.
14 Bésub juróom ñetteel ba, na wut ñaari
pitax mbaa ñaari xati yu ndaw te teewi fi
kanam Aji Sax ji ca bunt xaymab ndaje
ma, daldi koy jox sarxalkat bi.
15 Sarxalkat bi day rendi yooyu, menn
mi di saraxu póotum bàkkaar, mi ci des di
saraxu rendi-dóomal. Noonu la ko
sarxalkat biy defale njotlaayam fi kanam
Aji Sax ji ndax jàngoroy xelleem jooju.
16 «Su góor génnee maniyu, war naa ragg
yaramam wépp, te du tere mu yendoo
sobe ba jant so.
17 Lépp luy yére mbaa der bu maniyu
taq, dees koy fóot te du tere mu yendoo
sobe ba jant so.
18 Su dee jigéen ju góor àndal, te maniyu
génn, nañu sangu, te du tere ñu yendoo
sobe ba jant so.

## *Lu jëm ci sobey jigéen*

19 «Su jigéen gisee baax, sobey baaxu
jigéen day ànd ak moom juróom ñaari fan
te képp ku laal ku jigéen ka dina yendoo
sobe ba jant so.
20 Lépp lu mu tëdd te fekk mu gis baax,
loola sobewu na te lépp lu mu toog, loola
sobewu na.
21 Te it képp ku laal ab lalam, war naa
fóot ay yéreem, sangu, te du tere mu
yendoo sobe ba jant so.
22 Képp ku laal lenn lu mu toogoon war
naa fóot ay yéreem, sangu, te du tee mu
yendoo sobe ba jant so.
23 Su toogoon ci lal mbaa leneen lu mu
toogoon, ku laal loola dina yendoo sobe ba
jant so,
24 te ku tëdde jigéen te mu sooga gis
baax, kooka sobewu na diiru juróom ñaari
fan, te bépp lal bu mu tëdd sobewu na.
25 «Kuy xëpp deret ay fan yu bare te du
jamonoy baaxam, mbaa mu gis baax te
fekk mu wees àpp bi mu ko doon gis,
kooka sobewu na diiru fan yi muy xëpp.
Day mel ni bu nekkee ci jamonoy baaxam.
26 Lal bu mu tëdd ci diir bi muy xëpp
yépp, day mel ni lalam bu ko fekk ci
jamonoy baax te lépp lu mu toog day
sobewu, ni bu nekkoon ci jamonoy
baaxam.
27 Ku laal lenn ci yooyu yëf, kooka
sobewu na. War naa fóot ay yéreem, sangu,
te du tere mu yendoo sobe ba jant so.
28 «Bu xëppee ba jeexal, dina waññ
juróom ñaari fan, doora tàggook sobe sa.
29 Bésub juróom ñetteel ba na wut ñaari
pitax mbaa ñaari xati yu ndaw, yóbbu ca
sarxalkat ba, ca bunt xaymab ndaje ma.
30 Sarxalkat bi day rendi menn mi muy
saraxu póotum bàkkaar, mi ci des doon
saraxu rendi-dóomal. Su ko defee
sarxalkat bi defal ko ko njotlaay fi kanam
Aji Sax ji ndax sobey xëpp ja.
31 «Fexeleen ba bànni Israayil di tàggook
seeni sobe, lu ko moy dinañu dee ndax
seen sobe, ngir dañuy taqal sama màkkaan
mi ci seen biir.»
32 Loolu la yoon digle ci mbiri góor gu
ànd ak jàngoroy xelli mbaa mu génne
maniyu, ba sobewu;
33 ak jigéen ju nekk ci jamonoy baaxam;
ci gàttal, képp ku taq sobe suy génne ci
moom, muy góor mbaa jigéen, ak itam
góor gu tëdde jigéen ju sobewu.

# Lu jëm ci bésub Njotlaay

## 16

1 Ba loolu weesoo Aji Sax ji wax naak
Musaa gannaaw ba ñaari doomi Aaróona
yu góor ya deewee, ba ñu taxawsee fa
kanam Aji Sax ji.
2 Aji Sax ji dafa wax Musaa ne ko: «Waxal
sa mag Aaróona ne ko du saa yu nekk lay
àgg ci biir néeg bu sella sell ba, ci gannaaw
rido bi, di janook kubeeru saraxu
njotlaay* gi ub gaal gi àlluway kóllëre gi
dence, lu ko moy dina dee, ndax ci niir wi
tiim kubeeru gaal gi laay feeñe.
3 «Ni Aaróona di dugge ci biir néeg bu
sella sell bi nii la: Day indaale aw yëkk wu
ndaw ngir ab saraxu póotum bàkkaar,
akum kuuy ngir ab saraxu rendi-dóomal.
4 Mbubb mu sell lay sol, mu ñu ràbbe lẽe,
ak tubéyi njiitlaay ju ñu ràbbe lẽe itam. Na
takkoo laxasaay gu ñu ràbbe lẽe, te kaalag
lẽe lay takk. Yére yu sell a ngoogu; kon nag
na sangu bala mu koy sol.
5 Na jële ci mbooloom bànni Israayil
ñaari sikket, sikket yuy doon saraxu
póotum bàkkaar, ak menn kuuyum
rendi-dóomal.
6 «Aaróona day sarxal yëkk wi, muy
saraxu póotum bàkkaaram, di njotlaayal
boppam, mook waa këram.
7 Gannaaw loolu na Aaróona indi ñaari
sikket yi, taxawal leen fi kanam Aji Sax ji,
ci bunt xaymab ndaje mi.
8 Na Aaróona tegal ñaari sikket yi bant,
ngir xam bu ñuy rendil Aji Sax ji ak bu ñu
jagleel Asasel†.
9 Su ko defee Aaróona indi sikketu
tànnéef bi, ñu sarxalal ko Aji Sax ji, rendi
ko, muy saraxu póotum bàkkaar.
10 Waaye sikket bi ñu jagleel Asasel, dees
koy taxawal muy dund fi kanam Aji Sax ji,
te ñu def ko njotlaayu bàkkaar, di ko dàq
mu dem ca màndiŋ ma, ca Asasel.
11 «Bu Aaróona noppee, na indi yëkku
saraxas póotum bàkkaaram, def ko
njotlaayam mook waa këram. Na rendi
yëkku saraxas póotum bàkkaaram,
12 te na sàkk andu xal bu fees, tibbe ko
ca sarxalukaay ba, fi kanam Aji Sax ji, ak
ñaari barci-loxoy cuuraay lu mokk te xeeñ,
boole ko yóbbu ca gannaaw rido ba.
13 Na def cuuraay li ci taal bi, foofa ca
kanam Aji Sax ji, saxaaru cuuraay si di làq
kubeeru saraxu njotlaay gi ub gaalu
àlluway seede si, ndax mu baña dee.
14 Na sàkk ci deretu yëkk wi, wis-wisale
ko baaraamam ci kaw kubeeru gaal gi, ci
wetam gi féete penku, te it na wis-wisale
baaraamam deret ji lu mat juróom ñaari
yoon ci kanam kubeeru gaal gi.
15 Bu noppee na rendi sikket biy saraxas
póotum bàkkaaru mbooloo mi, te yóbbu
deret ji ca gannaaw rido ba. Na def deret
ji na mu defoon ak deretu yëkk wa,
wis-wisal ko ca kaw kubeeru gaal gi ak ci
kanam kubeer gi.
16 Mu daldi matale loolu njotlaayal néeg
bu sella sell bi, tàggale kook sobey bànni
Israayil ak seeni tooñ, ak lu seen bàkkaar
mana doon. Noonu lay defal mboolem
xaymab ndaje mi dëkk ci seen biir ci seen
biiri sobe.
17 Du kenn ku saña nekk ci biir xaymab
ndaje mi, bu Aaróona duggee ci biir néeg
bu sella sell bi, di matal ag njotlaay, ba
keroog muy génn, gannaaw bu jotoo
moom ci boppam, mook waa këram, ba
jotaale mbooloom bànni Israayil mépp.

18 «Bu sottalee, na génn jëm ca
sarxalukaay ba ca kanam Aji Sax ji, ba
noppi defal sarxalukaay bi njotlaayal
boppam. Day sàkk ci deretu yëkk wi ak ju
sikket bi, taqal béjjéni sarxalukaay bi yépp.
19 Te itam day wis-wisale baaraamam
deret ji lu mat juróom ñaari yoon ci kaw
sarxalukaay bi, setal ko, sellal ko, mu
tàggook sobey bànni Israayil.

20 «Bu Aaróona matalee njotlaayal néeg
bu sella sell ba ak xaymab ndaje ma ak
sarxalukaay ba, na indi sikket biy dund.
21 Aaróona day teg ay loxoom ci kaw
boppu sikket biy dund te tudd ci kawam
mboolem ñaawtéefi bànni Israayil ak seeni
tooñ, ak seeni bàkkaar yépp, boole ko yen
sikket bi, teg ko ci loxol nit ku ñu yónni, mu
dàq ko ca màndiŋ ma.

* **16.2** Seetal ci *Mucc ga* 25.17-22. † **16.8** ***Asasel:*** am na ñu ne mi ngi tekki «kasara». Am na ba tey ñu naan rab wu bon la, wu dëkk ci màndiŋ mi.

22 Sikket bi day yenu seeni ñaawtéef
yépp, yóbbaale ca ndànd-foyfoy ga, ñu wacc
ko ca màndiŋ ma.
23 «Na Aaróona dellu ca xaymab ndaje
ma, summi yére ya ñu ràbbe lẽe, di ya mu
soloon bala moo dugg ca néeg bu sella sell
ba, te na fa wacc yére ya.
24 Bu loolu weesoo mu sangoo fu sell, sol
yérey boppam, génn, joxeel boppam ab
saraxu rendi-dóomal, joxeel mbooloo mi
seen saraxu rendi-dóomal, ngir njotlaayal
boppam ak njotlaayal mbooloo mi.
25 Nebbonu jur giy saraxu póotum
bàkkaar, na ko lakk ci kaw sarxalukaay bi.
26 «Ka wacci woon sikketu Asasel, na
fóot ay yéreem, sangu, doora mana
duggaat ci dal bi.
27 Muy yëkk wiy saraxu póotum bàkkaar,
muy sikket biy saraxu póotum bàkkaar te
ñu yóbbu woon seen deret ca biir néeg bu
sella sell bi ngir defe ko njotlaay, lépp
lañuy génne dal bi. Der yaak yàpp waak
sébbriit ma, dees koy boole lakk, ba mu dib
dóom.
28 Ki ko lakk bu noppee, na fóot ay
yéreem, sangu, doora mana duggaat ci dal
bi.
29 «Te itam dogal a ngii, di lu leen war
fàww. Bésub fukki fan ci juróom ñaareelu
weeru at mi, nangeen ci toroxlu te du lenn
lu ngeen ci mana liggéey, du
njuddu-ji-réew, du doxandéem bi ci seen
biir;
30 ndaxte ci bés boobu lañu leen di
joxeel njotlaay ngir fóot seen mboolem
bàkkaar, ba ngeen set fi kanam Aji Sax ji.
31 Na doon seen bés bu ngeen di
noppalu doŋŋ, ngeen war cee toroxlu.
Dogal la bu sax dàkk.
32 «Sarxalkat bi ñu diw, fal ko nag, solal
ko, jox ko sañ-sañu sarxalkat bu mag, mu
wuutu baayam, na def saraxu njotlaay gi.
Na sol yére yu sell yooyu di yi ñu ràbbe lẽe,
33 te it na def njotlaayal néeg bu sella sell
bi ak xaymab ndaje mi ak sarxalukaay bi,
boole ci defal sarxalkat yi seen njotlaay,
ñook mbooloom Israayil mépp.
34 «Dogal a ngoogu, di lu leen war fàww,
te mooy ñuy joxeel bànni Israayil njotlaay
benn yoon cim at ngir seen bàkkaar yépp.»
Ñu daldi def li Aji Sax ji santoon Musaa.

# Ndigal yi jëm ci sellal

## 17

*(Saar 17—26)*

### *Li war ci jaamu ak sarxal*

1 Aji Sax ji wax na Musaa ne ko:
2 «Waxal Aaróona aki doomam yu góor ak
bànni Israayil gépp ne leen li Aji Sax ji
santaane mooy lii:
3 Képp kuy góor ci waa kër Israayil, bu
rendee aw nag mbaa xar mbaa bëy ci biir
dal bi, ak fu génn dal bi,
4 te indiwu ko ci bunt xaymab ndaje mi,
teewalal ko Aji Sax ji, muy sarax ca buntu
jaamookaayu Aji Sax ji, kooku dees na ko
topp àqu deret. Dafa tuur deret. Kon dees
koy dagge ci biir bànni Israayil.
5 Su ko defee bànni Israayil dinañu indil
Aji Sax ji juri sarax yi ñuy rendi ci àll bi.
Dañu koo wara yóbbu ca sarxalkat ba, fi
Aji Sax ji, ca bunt xaymab ndaje ma, defal
ko Aji Sax ji saraxi cant ci biir jàmm.
6 Sarxalkat bi day xëpp deret ji ci
sarxalukaayu Aji Sax ji, ci bunt xaymab
ndaje mi, ba noppi, lakkal Aji Sax ji
nebbon bi, muy xeeñ xetug jàmm gu neex
Aji Sax ji.
7 Buñu di sarxalatil tuur, yi ñuy jëmmale
sikket, di ko bokkaalee. Na loolu di dogal
bu leen war fàww, ñoom ak seen askan.
8 Wax leen boog ne leen: Képp kuy góor,
ku bokk ci waa kër Israayil, mbaa mu
bokk ci doxandéem yi ci seen biir, buy
génne ab saraxu rendi-dóomal mbaa
beneen sarax,
9 te indiwu ko ci bunt xaymab ndaje mi,
sarxalal ko Aji Sax ji, kooku dees koo wara
dagge ci biir bànni Israayil.
10 «Te it képp ku bokk ci waa kër Israayil
mbaa doxandéem yi ci seen biir, bu lekkee
lenn luy deret, kooku lekk deret, man Aji
Sax ji, dinaa ko noonoo te dinaa ko dagge
ci biir bànni Israayil.
11 Ndaxte dundu mbindeef ci deret la
nekk, te man maa leen sédde deret, ngeen
di ko jotoo seen bakkan ci kaw
sarxalukaay bi. Ndax kat bakkanu
mbindeef deretam la taxawe. Moo tax
deret mana defal nit njotlaayam.

12 Looloo waral ma ne bànni Israayil, bu
kenn ci ñoom lekk deret, te doxandéem bi
ci seen biir it bumu lekk deret.
13 «Képp ku bokk ci bànni Israayil mbaa
ci doxandéem yi ci seen biir, bu rëbbee ba
jàpp mala mbaa njanaaw, mu di lu dagana
lekk, na tuur deret ji, suul,
14 ndax deret dafay jëmmal bépp dundu
mbindeef bu Yàlla sàkk. Moo waral, man
Aji Sax ji, ma ne bànni Israayil buñu lekk
deretu menn mbindeef ngir dundu
mboolem mbindeef mooy deretam. Képp
ku lekk deret, dees koy dagge ci askan wi.
15 «Te itam képp ku lekk médd mbaa lu
rab fàdd, muy njuddu-ji-réew mbaa
doxandéem, na fóot ay yéreem, sangu, te du
tere mu yendoo sobe ba jant so, mu doora
set.
16 Waaye su fóotul, sanguwul, mooy
gàddu bàkkaaram.»

# 18

## *Li warul ci mbirum séy*

1 Aji Sax ji wax na Musaa ba tey ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Man Aji
Sax ji maay seen Yàlla.
3 Defini waa réewam Misra ga ngeen
dëkkoon, buleen ko roy, te defini waa
réewu Kanaan ga ma leen jëme, buleen ko
roy te it buleen leen topp ci seeni aada.
4 Samay santaane ngeen wara dégg tey
topp samay dogal. Man Aji Sax ji maay
seen Yàlla.
5 Nangeen sàmm samay dogal ak samay
santaane, ndax ngeen jëfe yooyu moo leen
di taxa dund. Man maay Aji Sax ji.
6 «Bu kenn ci yeen tëdde ku mu jegewool
lool cig bokk. Maay Aji Sax ji.
7 Bul toroxal sa baay, di tëdde sa yaay. Sa
yaay la, kon bu ko toroxal moom it.
8 «Bul tëdde sa soxnas baay, di toroxal sa
baay.
9 «Bul tëdde sab jigéen, te muy koo bokkal
benn baay mbaa koo bokkal jenn ndey,
muy ku juddoo ci kër gi mbaa feneen.
10 «Bul tëdde sab sët bu jigéen bu sa doom
ju góor jur mbaa sa doom ju jigéen, ndax
kon toroxal nga sa bopp.
11 «Bul tëdde ku sa soxnas baay am ak sa
baay, ndax sab jigéen la.
12 «Bul tëdde sa bàjjan, ndax daa
jegewook sa baay lool cig bokk.
13 «Bul tëdde sa ndey ju ndaw, ndax daa
jegewook sa yaay lool cig bokk.
14 «Bul toroxal sa baay bu ndaw di tëdde
soxnaam. Sa ndey la.
15 «Bul tëdde sa soxnas doom. Sa soxnas
doom la. Bu ko tëdde mukk.
16 «Bul tëdde soxnas koo bokkal benn
baay mbaa jenn ndey, ndax kon nga
toroxal sa doomu baay mbaa sa doomu
ndey.
17 «Bul boole tëdde jigéen, tëdde doom ja
mbaa sëtam bu doomam ju góor jur mbaa
doomam ju jigéen jur ko, ndax dañoo
jegewoo lool cig bokk. Loolu ñaawtéef la.
18 «Bul jël jigéen di séq ak moom séy, muy
wujjeek doomu ndeyam mbaa doomu
baayam joo njëkka jël, li feek kookoo ngi
dund.
19 «Bul tëdde jigéen ju gis baax, ndax daa
sobewu.
20 «Bul ànd ak jabaru jàmbur, di sobeel sa
bopp.
21 «Bul jébbal kenn ci say doom tuur mi
ñuy wax Moleg, ndax waruloo teddadil sa
turu Yàlla. Man maay Aji Sax ji.
22 «Bu góor tëdde góor, ni bu doon jigéen.
Lu ñaawa ñaaw la.
23 «Bu góor tëdde menn mala, di sobeel
boppam, te bu jigéen jox boppam mala, di
ànd ak moom. Loolu yàqute la.
24 «Buleen sobeel seen bopp ci mboolem
defin yooyu, ndax xeet yi ma leen dàqal,
noonu lañu daan jëfe, ba sobeel seen bopp.
25 Réew ma sax mujj na daj ak sobe, ma
wàcce mbugal ca kaw réew ma, ba mu gëq
ay nitam.
26 «Yeen nag sàmmleen samay dogal ak
samay santaane te bu kenn def lenn ci
yooyu ñaawtéef, du njuddu-ji-réew, du
doxandéem bi ci seen biir,
27 ndax kat mboolem ñaawtéef yooyu la
waa réew ma leen fa jiitu daan def, ba
réew ma mujj daj ak sobe.
28 Su ngeen sobeelee réew ma, dinaa
leen gëq, na ma gëqe woon xeet ya leen fa
jiitu woon.
29 Képp ku def lenn ci yooyu ñaawtéef
déy, kooku dees koy dagge ci biir bànni
Israayil.

30 Sàmmleen sama ndénkaane ngir baña
roy lenn ci aada yu ñaaw yi ñu fi doon topp
lu leen jiitu, te buleen sobeel seen bopp ci
yooyu. Man Aji Sax ji maay seen Yàlla.»

# 19

## *Lu jëm ci dundin wu sell te jub*

1 Aji Sax ji wax na Musaa ne ko:
2 «Waxal mbooloom bànni Israayil gépp
ne leen: Ñu sell ngeen wara doon, ndax Ku
sell laa, man seen Yàlla Aji Sax ji.
3 «Na ku nekk weg ndeyam ak baayam te
wormaal sama bési Noflaay. Man Aji Sax
ji, maay seen Yàlla.
4 «Buleen walbatiku di jaamu ay yàllantu
mbaa ngeen di sàkkal seen bopp ay tuur
yu ñu móole weñ. Man Aji Sax ji maay
seen Yàlla.
5 «Bu ngeen dee rendil Aji Sax ji saraxas
cant ci biir jàmm, sarxalleen ko ni mu
ware, ndax ñu nangul leen.
6 Ca bés ba ñu ko sarxale lees koy lekk,
mbaa ca ëllëg sa; lu ca des ba ca gannaaw
ëllëg sa dees koy lakk, ba mu dib dóom.
7 Bu ñu ci lekkee déy te fekk mu am ñetti
fan, day doon lu ñu seexlu, te deesu ko
nangu.
8 Ku ci lekk mooy gàddu bàkkaar bi,
ndaxte lu ñu sellalal Aji Sax ji la teddadil,
te kooku dees koy dagge ci biir bànni
Israayil.
9 «Bu ngeen dee góob seen tool, buleen
góob ba fa tool ba yem te buleen ca
toppaat, di foraatu.
10 Seen tóokëri reseñ it buleen ko witt
ñaari yoon te buleen foraatu doom yu
wadde ca witt ma. Aji ñàkk akub
doxandéem ngeen koy bàyyee. Maay seen
Yàlla, man Aji Sax ji.
11 «Buleen sàcc, buleen fen te buleen di
worante.
12 «Buleen giñe sama tur lu dul dëgg, di
teddadil seen turu Yàlla. Maay Aji Sax ji.
13 «Buleen lekk seen àqu moroom, buleen
sàcc. Buleen wacc peyu liggéeykat, muy
fanaan ci seeni loxo.
14 «Buleen saaga ab tëx te buleen
fakkastal silmaxa. Ragalleen seen Yàlla.
Maay Aji Sax ji.
15 «Buleen safaan dëgg cib àtte. Buleen
far néew-ji-doole te buleen far boroom
doole. Àtteleen seen moroom ci dëgg.
16 Buleen wër di yàq deru nit ci seen
bokki waa réew. Buleen def dara lu mana
reylu seen moroom. Maay Aji Sax ji.
17 «Buleen tong seen mbokk, te artuleen
seen moroom bu baax bala ngeena bokk
ak moom gàddu bàkkaar.
18 Buleen di feyantook seen mbokkum
waa réew te buleen ko dencal mer. Ni
ngeen soppe seen bopp nag, nangeen ko
soppe seen moroom. Maay Aji Sax ji.
19 «Te it sama dogali yoon yii nangeen ko
sàmm: Buleen boole ñaar yu bokkul wirgo
ci seenug jur, ñuy jaxasoo; seen tool it
buleen ci ji ñaari wirgoy jiwu te buleen sol
yére yu ñu ràbbe ñaari xeeti wëñ yu bokkul.
20 «Ku tëdde ab jaam bu wara séy ak
keneen te fekk joteesu ko, goreeleesu ko,
ndàmpaay war na ca, waaye deesu leen
boole rey, ndax li ndaw si dib jaam ba tey.
21 Waa ji day yóbbu am kuuyu peyug
tooñ ca bunt xaymab ndaje ma, muy
peyug tooñ gi muy sarxalal Aji Sax ji.
22 Na ko sarxalkat bi defal kuuy miy
saraxas peyug tooñ muy njotlaayam fi
kanam Aji Sax ji, ndax bàkkaar bi mu def.
Kon dees na ko jéggal bàkkaar bi mu def.
23 «Bu ngeen duggee ca réew ma, ba
jëmbat fa mboolem xeetu garab guy meññ
ay doom, nangeen aayal doom ya. Diiru
ñetti at ngeen di aayal doom ya. Dungeen
ko lekk ci diir boobu.
24 Atum ñeenteel ba doom ya yépp lañuy
sellalal Aji Sax ji, te di ko bége ci biir cant.
25 Juróomeelu at ma doŋŋ ngeen di saña
lekk doom ya. Su ko defee meññeef ma
barkeelal leen. Man Aji Sax ji maay seen
Yàlla.
26 «Buleen lekk lu am deret. Buleen di
gisaane mbaa ngeen di jabar.
27 Buleen wat seen peggu kawaru bopp
te buleen dagg seen peggu sikkim,
28 mbaa ngeen di dagg seen yaram, di ko
mititloo ku dee, te buleen ñaasu fenn ci
seen yaram. Maay Aji Sax ji.
29 «Buleen toroxal seen doom ju jigéen, di
ko def ab gànc; lu ko moy réew mi sóobu ci
gànctu ba ne lijj ci ñaawtéef.

30 «Samay bési Noflaay nag wormaalleen
ko te sama béreb bu sell teralleen ko.
Maay Aji Sax ji.
31 «Buleen jublu ci ñiy gisaane nit ñu dee
te buleen jublu ci boroom rawaan yiy
seet, ndax kon ñu sobeel leen. Man maay
seen Yàlla Aji Sax ji.
32 «Bu boroom bijjaaw teewee, jógleen
wormaal ko. Deeleen rus mag te ragalleen
seen Yàlla. Maay Aji Sax ji.
33 «Bu ab doxandéem daleek yeen ci
seenum réew, buleen ko lor.
34 Njuddu-ji-réew ji nangeen ko
yemaleek doxandéem bi ngeen dëkkal.
Soppleen ko ni ngeen soppe seen bopp,
ndaxte ay doxandéem ngeen woon ca
réewum Misra. Man Aji Sax ji maay seen
Yàlla.
35 «Buleen def njubadi ci lu ñuy natte
guddaay mbaa diisaay mbaa lu ñuy sol,
sotti.
36 Na seen nattukaayu diisaay jub, doom
ya ngeen cay natte jub, te na nattukaayi
sol-sotti yi jub. Maay seen Yàlla Aji Sax ji
leen génne réewum Misra.
37 «Nangeen sàmm sama dogali yoon yépp
ak sama santaane yépp te di ko jëfe. Maay
Aji Sax ji.»

# 20

## *Lu jëm ci peyug bàkkaar*

1 Aji Sax ji wax na Musaa ba tey ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Muy
bànni Israayil muy doxandéem ci Israayil,
képp ku ci jël ciy doomam, jébbal tuur mi
ñuy wax Moleg, dee rekk mooy àtteem. Na
ko waa réew mi dóor ay doj, ba mu dee.
3 Man ci sama bopp dinaa noonoo nit
kooku te dinaa ko dagge ci biir bànni
Israayil, ndax li mu jël ciy doomam jox
Moleg, di sobeel sama béreb bu sell tey
teddadil sama tur wu sell.
4 Su fekkee ne waa réew mi dañu koo
seetaan ba seetaan ko, muy jox Moleg ku
bokk ciy doomam te taxul ñu rey ko,
5 man ci sama bopp maay noonoo nit
kooku mook ay bokkam; dinaa dàq nit
kooku ci biir bànni Israayil, génne ko,
mook mboolem ñi mu àndal topp Moleg di
bokkaale.
6 Ku jublu ci ñiy gisaane nit ñu dee mbaa
mu jublu ci boroom rawaan yiy seet, topp
leen, di ma leen bokkaalee, dinaa ko
noonoo moom itam te dinaa ko dagge ci
biir bànni Israayil.
7 Doxleen ci lu sell te sell, ngir man Aji
Sax ji maay seen Yàlla.
8 Nangeen sàmm samay dogali yoon te di
ko jëfe. Man Aji Sax ji maay ki leen sellal.
9 «Képp ku saaga baayam mbaa ndeyam,
dee rekk mooy àtteem. Gannaaw baayam
la saaga mbaa ndeyam, mooy gàddu
bakkanu boppam.
10 «Góor gu njaaloo, mook jabaru
moroomam ji muy njaalool, dee rekk
mooy seen àtte.
11 «Ku tëdde sa soxnas baay, sa baay nga
toroxal. Ñoom ñaar ñépp dee rekk mooy
seen àtte, te ñooy gàddu seen bakkanu
bopp.
12 Ku tëdde sa soxnas doom, mook
soxnas doomam ñoom ñaar ñépp dee mooy
seen àtte. Jëfu yàqute lañu def, kon ñooy
gàddu seen bakkanu bopp.
13 «Su góor tëddee góor ni ñuy tëddee
jigéen, ñaawtéef lañu def ñoom ñaar. Dee
rekk mooy seen àtte, te ñooy gàddu seen
bakkanu bopp.
14 Ku boole jigéen ak ndeyam jël leen
jabar, def na lu bona bon. Dees leen di
boole taal, lakk leen, moom ak jigéen ña,
ndax mbon gu ni mel baña am ci seen biir.
15 Góor gu tëdde mala dee rekk mooy
àtteem, te mala ma it dees koy rey.
16 Su jigéen jëmee ci mala mu mu doon,
ba jaxasook moom, booleleen ku jigéen
kaak mala ma, rey. Dee rekk mooy seen
àtte, te ñooy gàddu seen bakkanu bopp.
17 «Su nit jëlee jabar ab jigéenam bu mu
bokkal jenn ndey mbaa benn baay, ñu séq
lalu séy, loolu gàcce la. Nañu leen dagge ci
biir bànni Israayil, ñooñuy gis. Gannaaw
moo tëdde ab jigéenam, na wéetoo añu
ñaawtéefam.
18 «Ku tëdde jigéen ju gis baax, toroxal na
ko, xàwwi na suturaam ci biir póotam te ku
jigéen ki itam xàwwi na suturas boppam.
Dees leen wara dagge ñoom ñaar ñépp ci
biir bànni Israayil.

19 «Buleen tëdde seen yaay ju ndaw mbaa
seen bàjjan, ndax kon toroxal ngeen ku
ngeen jegewool lool cig bokk, te yeen ñaar
ñépp ay wéetoo seen añu ñaawtéef.
20 «Ku tëdde soxnas baayam bu ndaw,
baayam bu ndaw la toroxal. Ñooy wéetoo
seen añu ñaawtéef. Duñu am takkndeer ba
keroog ñuy dee.
21 «Bu nit nangoo jabaru ku mu bokkal
waajur, loolu gàcce la. Toroxal na ka mu
bokkal waajur te duñu am takkndeer.
22 «Sàmmleen sama dogali yoon yépp ak
sama santaane yépp te jëfe ko, ngir réew
ma ma leen jëme, ngeen dëkki fa, bañ
leena gëq.
23 Buleen roy defini xeet wi ma leen di
dàqal, ndax yooyu yépp lañu doon def, ba
ma seexlu leen.
24 Yeen nag ma ne leen yeenay nangu
seen réew ñoom, ndax maa leen ko jox,
ngeen moom ko, muy réew mu meew
maak lem ja tuuroo. Man maay seen Yàlla
Aji Sax ji leen ràññaatleek yeneen xeet yi.
25 Kon nangeen ràññee mala mu dagan
ak mu daganul, ak itam njanaaw lu dagan
ak lu daganul, te bu leen tax ba ñu seexlu
leen ndax mala mbaa njanaaw mbaa
mboolem mbindeef yu sew-sewaan yiy
dox ci suuf te ma limal leen ne setuñu.
26 «Nangeen nekk ñu sell ci man, ndaxte
Ku sell laa, man Aji Sax ji, te dama leena
ràññaatleek yeneen xeet yi, ngeen di sama
ñoñ.
27 «Góor gu bokk ci yeen mbaa jigéen, di
gisaane nit ñu dee mbaa muy boroom
rawaan buy gisaane, dee rekk mooy
àtteem. Dees koy dóor ay doj, mu dee,
gàddu bakkanu boppam.»

# 21

### *Lu jëm ci sañ-sañi sarxalkat yi*

1 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na
Musaa ne ko: «Waxal sarxalkat yiy doomi
Aaróona ne leen: Bu ci kenn sobeel
boppam, di laal mbokkam mu dee,
2 su dul ñi ko gëna jege ci wàllu mbokk,
muy ndeyam mbaa baayam mbaa
doomam ju góor ak doomam ju jigéen,
mbaa ku góor ku mu bokkal waajur,
3 mbaa ab jigéenam bu séyagul te bootu ci
moom ndax amul jëkkër—ku mu bokkal
noonu, sañ naa sobewu ndax moom.
4 Warula sobeel boppam, di boppam,
ndax kilifa la ciw xeetam.
5 «Buñu wat fenn ci seen bopp te buñu
wat seen peggi sikkim, buñu dagg seen
yaram it, di ko mititloo ku dee.
6 Nañu nekkal seen Yàlla ay nit ñu sell, te
baña teddadil seen turu Yàlla, ndax saraxi
sawara yi ñeel Aji Sax ji, te di seen ñamu
Yàlla, ñoo koy joxe. Kon nag dañoo wara
sell.
7 «Ab gànc mbaa ku ñu toroxal, tëdde ko,
ñoom duñu ko jël soxna. Ku jëkkëram baal
it duñu ko jël soxna, ndax dañoo sellalal
seen bopp seen Yàlla.
8 Te itam nangeen ràññee ne ñu sell
lañu, ndax seen ñamu Yàlla, ñoo koy joxe.
Nangeen leen jox céru nit ñu sell, ndax Ku
sell laa, man Aji Sax ji leen sellal, yeen.
9 «Su fekkee ne doomu sarxalkat da di
jigéen juy teddadil boppam, di gànctu,
kooku baayam lay toroxal. Dees koy taal,
lakk ko.
10 «Sarxalkat bi gëna màgg ci bokkam yiy
sarxalkat, te ñu sotti diw gi ñuy fale ci
boppam, sellal ko, muy sol yére yu sell yi,
kooku du njañu te du xotti ay yéreem, di ko
ñaawloo ku dee.
11 Fu ab néew nekk du fa dem, bu doon
ndeyam mbaa baayam sax, du ko taxa
sobeel boppam.
12 Du génn béreb bu sell bi ndax deele, lu
moy dina teddadil bérebu Yàllaam bu sell
bi, ndax Yàllaam sellale na ko diwug
palam. Maay Aji Sax ji.
13 «Sarxalkat bu mag bi, ku xamul góor
lay jël soxna.
14 Ku jëkkëram faatu mbaa ku ñu baal
mbaa ku ñu toroxal, tëdde ko, mbaa ab
gànc, du ko mana jël soxna. Ab janq bu mu
bokkal doŋŋ la mana jël soxna.
15 Su ko defee du teddadil aw askanam
ci biir bànni Israayil, ndax man Aji Sax ji
maa ko sellal.»

### *Liy ngànt ci sarxalkat*

16 Aji Sax ji wax na Musaa ne ko:
17 «Waxal Aaróona ne ko: Muy tey muy
ëllëg ba fàww, góor gu askanoo ci yaw ak
maas gu mu mana bokk, su amee sikk du

mana agsi ba ci sarxalukaay bi, di joxe
ñamu Yàllaam.
18 Du kenn sax ku am sikk kuy agsi ba
fii, du gumba, du kuy soox, du ku
xar-kanamam am sikk mbaa ku cér yi
sutaate.
19 Du it ku tànk bi làggi mbaa loxo bi,
20 mbaa ab xuuge mbaa ab tungune; du
it ku bëtam am sikk mbaa ku ràmm mbaa
ku am góom yu sol dëtt, mbaa ku ñu tàpp.
21 Askanu Aaróona sarxalkat bi, du kenn
ku ci am sikk kuy agsi ba fii, di joxe saraxi
sawara yi ñeel Aji Sax ji. Sikk si ci moom a
tax du mana agsi ba fii, di joxe ñamu
Yàllaam.
22 Du tere mu saña lekk ci ñamu Yàllaam,
muy ñam wu sell ak wu sella sell.
23 Waaye warula jege rido bi, mbaa muy
dem ba ca sarxalukaay ba, ndax sikk si ci
moom. Bumu teddadil sama béreb yu sell,
ngir man Aji Sax ji maa sellal béreb
yooyu.»
24 Musaa jottali na Aaróona aki doomam
kàddu yooyu, ñoom ak mboolem bànni
Israayil.

# 22

## *Liy tax ñu nangu sarax*

1 Aji Sax ji dellu wax Musaa ne ko:
2 «Waxal Aaróona aki doomam yu góor ne
leen, lii mooy li mana tax ñu sore yu sell yi
ma bànni Israayil sellalal, ngir baña
teddadil sama tur wu sell. Maay Aji Sax ji.
3 Wax leen ne leen: Muy tey, muy ëllëg,
ba fàww, képp ku sobewu, di góor gu bokk
ci seen askan, bu jegee lenn luy sarax su
sell su ma bànni Israayil jagleel, kooku
dootu ma liggéeyal. Maay Aji Sax ji.
4 Askanu Aaróona, genn góor gu ci bokk
du lekk ci sarax yu sell yi, li feek muy ànd
ak jàngoroy der juy law mbaa jàngoroy
xelli, ba keroog muy set. Ku ci laal lenn lu
laal ab néew ba sobewu, mbaa mu tuur
maniyu moom ci boppam,
5 mbaa mu laal yu sew-sewaan yiy dox
ci suuf te di ko sobeel, mbaa mu laal nit ku
ko sobeel ak lu sobe sa mana doon,
6 Képp ku def loolee mbaa mu laal mbir
yooyu dina yendoo sobe sa ba jant so, te
du lekk ci sarax yu sell yi ndare du dafa
sangu.
7 Bu jant sowee nag set na, te man naa
lekk ci sarax yu sell yi, ndax ñamam la.
8 Lu médd mbaa lu rab fàdd waru koo
lekk, mu di ko sobeel. Maay Aji Sax ji.
9 Sarxalkat yi dañoo wara sàmm sama
ndénkaane bala ñoo gàddu bàkkaar, di dee
ndax seenug néewal ci yooyu. Maay Aji
Sax ji leen sellal.
10 «Kenn ku bokkul ci waa kër sarxalkat
yi du lekk ci sarax yu sell yi. Muy ku dal ak
ab sarxalkat, muy ku koy liggéeyal di
feyeeku, kenn du ci lekk ci sarax yu sell yi.
11 Waaye su sarxalkat bi jëndee ab jaam
ci xaalisam, jaam ba man na caa lekk.
Jaam bu juddoo ci kër sarxalkat bi it man
naa lekk ci ñamam woowu.
12 Doomu sarxalkat, bu séyeek góor gu
bokkul ci waa kër sarxalkat yi, dootul saña
lekk saraxu njébbal yu sell yi.
13 Waaye doomu sarxalkat, bu boroom
këram faatoo mbaa mu tàggook moom, te
amu ca doom, bu delloo kër baayam na
mu fa nekke woon ba muy gone, sañ naa
lekk ci ñamu baayam. Waaye kenn ku ci
bokkul sañu cee lekk.
14 Gannaaw loolu képp ku bokkul ci waa
kër sarxalkat yi, bu lekkee ci sarax su sell
te du teyeefam, na dolli ca njëgu sarax sa
juróomeelu céru njëg ga, delloo ko
sarxalkat bi.
15 Te itam bu sarxalkat yi bàyyi bànni
Israayil di teddadil sarax yu sell yi ñu
jagleel Aji Sax ji.
16 Buñu leen di bàyyi it ñuy gàddu bàkkaar
buy laaj peyug tooñ, ngir lenn lu ñu lekk ci
sarax yu sell yooyu. Man Aji Sax ji maa
sellal yooyu sarax.»
17 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
18 «Waxal Aaróona aki doomam yu góor
ak bànni Israayil gépp ne leen: Képp ku
bokk ci waa kër Israayil, mbaa ci
doxandéem yi ci Israayil, di joxeel Aji Sax
ji ab saraxu rendi-dóomal, muy sarax su
ñuy wàccoo ngiñ mbaa saraxu yéene,
19 liy tax ñu nangul ko ko mooy muy jur
gu amul sikk, di góor; man naa doon aw
yëkk mbaa kuuy mbaa sikket.
20 Lenn lu ci am sikk buleen ko sarxal,
ndax deesu leen ko nangul.
21 «Su nit dee joxsi Aji Sax ji aw nag
mbaa gàtt, muy saraxu cant ci biir jàmm,

mu di ko wàccoo ngiñ mbaa muy saraxu
yéene, na doon lu amul sikk, ndax ñu
nangul ko ko. Lenn luy sikk du nekk ci jur
gi.
22 Du doon lu gumba, du doon lu làggi,
du doon lu kuuñ, du doon lu ami góom,
mbaa lu ràmm, mbaa lu xas. Buleen
sarxalal Aji Sax ji yu mel noonu. Ab
saraxu sawara, buleen ko jële ci lu mel
noonu, di ko joxe ci kaw sarxalukaay bi,
ñeel Aji Sax ji.
23 Waaye su dee nag mbaa gàtt bu ab
céram ëpp mbaa mu yées, saraxu yéene la
mana doon; su dee sarax su ñuy wàccoo
ngiñ, deesu ko nangu.
24 Te it jur gu ñu motoxal ngóoraam
mbaa ñu toj ko mbaa ñu xuuf ko mbaa ñu
dog ko, deesu ko sarxalal Aji Sax ji. Buleen
def loolu mukk ci seenum réew.
25 Buleen nangoo lenn lu ni mel ci loxol
doxandéem it, di ko jébbal seen Yàlla, muy
saraxu ñamam. Deesu leen ko nangul,
ndax la matadi ca moom mooy sikk sa.»
26 Aji Sax ji wax na Musaa itam ne ko:
27 «Barmol mbaa mbote mbaa tef wu
doora juddu, na toog ci yaayam juróom
ñaari fan; bu xasee am juróom ñetti fan,
manees naa nangu mu doon saraxu
sawara, ñeel Aji Sax ji.
28 Waaye su dee aw nag mbaa ab gàtt,
deesu ko booleek doom ji rendi ci benn
bés.
29 «Bu ngeen dee defal Aji Sax ji saraxu
cant, sarxalleen ko na ñu leen koy
nangule.
30 Ci bés bi lees koy lekk, buleen ci
fanaanal dara. Maay Aji Sax ji.
31 «Kon sàmmleen samay santaane te di
ko jëfe. Maay Aji Sax ji.
32 Te buleen teddadil sama tur wu sell.
Na bànni Israayil wormaal sama sellaay.
Maay Aji Sax ji leen sellal,
33 génne leen réewum Misra, di seen Yàlla.
Maay Aji Sax ji.»

# 23

*Lu jëm ci bési màggal yi*
1 Aji Sax ji dellooti wax Musaa ne ko:
2 «Samay màggal, man Aji Sax ji, dangeen
koo wara siiwal, muy ndaje yu sell. Samay
màggal yii la.

*Lu jëm ci bésub Noflaay*
3 «Juróom benni fan lees di liggéey, bésub
juróom ñaareel ba bésub Noflaay doŋŋ lay
doon, di bésub ndaje mu sell. Du lenn lu
ngeen ciy liggéey. Bésub Noflaay la bu ñuy
jagleel Aji Sax ji, ak fépp fu ngeen dëkk.
4 «Aji Sax ji, deeleen yégle ay màggalam,
muy ay ndaje yu sell yu ngeen di wormaal
saa yu jotee. Màggal yii la.

*Lu jëm ci bésub Mucc ak bési Mburu mu amul lawiir*
5 «Fukki fan ak ñeent ci weer wi njëkk,
diggante ngoon ak jant bu so, mooy
màggalu bésub Mucc ba, ñeel Aji Sax ji.
6 «Ëllëg sa, fukki fan ak juróom ci weer
woowu la ayu bésu Mburu mu amul lawiir
di tàmbali, ñeel Aji Sax ji. Diiru juróom ñaari
fan mburu mu amul lawiir ngeen wara
lekk.
7 Bés bu jëkk boobu, woote bu sell lees
cay amal. Mboolem lees baaxoo liggéey,
deesu ko ci liggéey.
8 Defleen ci saraxu sawara, ñeel Aji Sax
ji diiru juróom ñaari fan. Bésub juróom
ñaareel ba di bésub woote bu sell. Mboolem
lees baaxoo liggéey, deesu ko ci liggéey.»

*Lu jëm ci màggalu Ndoortel meññeef*
9 Aji Sax ji wax na Musaa ne ko:
10 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu
ngeen duggee ca réew ma ma leen jox, ba
dajale la ngeen jële ca suufam, yóbbuleen ci
sarxalkat bi takku peppum lors bi ngeen
njëkka góob.
11 Sarxalkat bi day yékkati takk bi, jébbal
ko Aji Sax ji, ngir mu nangul leen ko. Bés
bi topp ci bésub Noflaay bi lay yékkati takk
bi, jébbal ko ko.
12 Bés bi ñuy yékkati takk bi, jébbale ko,
nangeen ci sarxal kuuy mu amul sikk,
tollu ci menn at, ñu defal ko Aji Sax ji
saraxu rendi-dóomal.
13 Saraxu pepp mi muy àndal juróom
benni kiloy sunguf su mucc ayib lay doon,
ñu xiiwe ko diw, muy saraxu sawara, ñeel
Aji Sax ji, ngir xetug jàmm. Sarax si ñuy
tuural Aji Sax ji, liitaru biiñ la.
14 Du mburu, du pepp mu ñu séndal, du
pepp mu bees mu ngeen wara lekk, ba
keroog bés boobu ngeen di indi seen
saraxu Yàlla. Dogal a ngoogu, di lu leen

war fàww, yeen ak seen askan, ak fépp fu
ngeen dëkk.

### *Lu jëm ci màggalug Ngóob*

15 «Bésub Noflaay ba ngeen di indi takku
bele biy saraxu yékkati-jébbale, bés ba ca
topp ngeen di dale wañ ñ juróom ñaari ayi
bés yu mat sëkk.
16 Wañ ñleen ba ca bés ba topp ci juróom
ñaareelu bésub Noflaay ba, muy juróom
fukki fan, ngeen indil ca Aji Sax ji saraxu
pepp mu bees.
17 Seeni kër ngeen di jële ñaari mburu
yuy doon saraxu yékkati-jébbale, mu ci
nekk di lu ñu lakke juróom benni kiloy
sunguf su mucc ayib; dees ciy def lawiir,
lakkaale ko ko, muy saraxu ndoortel
meññeef, ñeel Aji Sax ji.
18 Na mbooloo mi booleek mburu mi
juróom ñaari kuuy yu amul sikk te tollu ci
menn at, ak yëkk ak ñaari kuuy yu mag,
mu doon saraxu rendi-dóomal, ñeel Aji Sax
ji. Na ànd ak saraxu pepp ak sarax si ñuy
tuur. Loolu sarax la ngir xetug jàmm gu
neex Aji Sax ji.
19 Te itam ngeen sarxal ab sikket buy
doon saraxu póotum bàkkaar ak ñaari
kuuyu menn at, muy saraxu cant ci biir
jàmm.
20 Sarxalkat bi day yékkati ñaari kuuy
yooyu, boole kook mburum ndoortel
meññeef mi, def ko sarax bu ñuy yékkati,
jébbal Aji Sax ji. Yooyu sarax di lu sell ñeel
Aji Sax ji, sarxalkat bee ko moom.
21 Wooteleen ci bés boobu woote bu sell,
seen bésub woote bu sell lay doon te
mboolem lees baaxoo liggéey, deesu ko ci
liggéey. Dogal a ngoogu, di lu leen war
fàww, yeen ak seen askan, ak fépp fu ngeen
dëkk.
22 «Bu ngeen dee góob seen tool, buleen
góob ba fa tool ba yem te buleen ci
toppaat, di foraatu. Aji ñàkk akub
doxandéem ngeen koy bàyyee. Maay seen
Yàlla Aji Sax ji.»

### *Li ci màggalu bésu Liit ya*

23 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na
Musaa ne ko:
24 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu
juróom ñaareelu weer taxawee, bés bi njëkk
ci weer wi, na doon seen bésub Noflaay bu
ngeen di amal ndaje mu sell. Deeleen
fàttalee bés bi liit yu xumb.
25 Mboolem lu ngeen faral di liggéey
buleen ko ci liggéey, waaye nangeen ci
indi saraxu sawara, ñeel Aji Sax ji.»

### *Li ci bésub Njotlaay ba*

26 Aji Sax ji teg ca wax Musaa ne ko:
27 «Te itam fukki fan ci juróom ñaareelu
weer woowu, bésub Njotlaay ba lay doon.
Ndaje mu sell ngeen ciy amal. Nangeen ci
toroxlu te indi saraxu sawara, ñeel Aji Sax
ji.
28 Du lenn lu ngeen di liggéey ci boobu
bés, ndax bésub Njotlaay la bu ngeen di
jotoo fi seen kanam Yàlla, Aji Sax ji.
29 Te kat, képp ku toroxluwul boobu bés,
dees koy dagge ci biir bànni Israayil.
30 Képp ku liggéey lenn ci boobu bés, su
boobaa dinaa far kooku ci biir bànni
Israayil, sànk ko.
31 Buleen ci liggéey dara. Dogal a
ngoogu, di lu leen war fàww, yeen ak seen
askan ak fépp fu ngeen dëkk.
32 Seen bésub Noflaay la bu ngeen di
noppalu doŋŋ te war cee toroxlu. Li ko
dale ci ngoonug juróom ñeenti fan ci weer
wi ba ca ëllëg sa, ba jant so, ci ngeen di
wormaal seen bésub Noflaay.»

### *Li ci màggalu ayu bésu Mbaar yi*

33 Su loolu wéyee Aji Sax ji wax na
Musaa ne ko:
34 «Waxal bànni Israayil ne leen: Ñu
wañ ñ dale ko ci fukki fan ak juróom ci
weeru juróom ñaareel woowu ba mu am
juróom ñaari fan. Diir boobu mooy
màggalu ayu bésu Mbaar yi, ñeel Aji Sax ji.
35 Bés bu njëkk bi bésub ndaje mu sell la.
Mboolem lu ngeen faral di liggéey buleen
ko ci liggéey.
36 Diiru juróom ñaari fan ngeen di indi
saraxu sawara, ñeel Aji Sax ji. Bésub
juróom ñetteel ba wara doon seen ndaje
mu sell, nangeen ci indi saraxu sawara,
ñeel Aji Sax ji. Ndajem mujjantal ba la.
Mboolem lu ngeen faral di liggéey buleen
ko ci liggéey.
37 «Yooyoo di màggali Aji Sax ji, yi ñu
wara yégle, di ndaje yu sell yu ñuy indi ay
saraxi sawara, ñeel Aji Sax ji, muy saraxu

rendi-dóomal, ak saraxu pepp, ak yeneen
saraxi jur gu ñuy rendi, ak sarax yi ñuy
tuural Aji Sax ji, bés bu nekk ak la ca war.
38 Yooyu sarax jotewul dara ak saraxi
bési Noflaay yu Aji Sax ji. Jotewul dara it
ak yi ngeen di joxeel Aji Sax ji mbaa
mboolem sarax yi ngeen di wàccoo ngiñ,
ak mboolem saraxi yéene yi ngeen di defal
Aji Sax ji.
39 «Ci biir loolu, fukki fan ak juróom ci
juróom ñaareelu weer wi, gannaaw bu
ngeen dajalee meññeefum réew mi,
amalleen màggalug Aji Sax ji diiru juróom
ñaari fan. Na bés bu njëkk ba di bésub
Noflaay, bésub juróom ñetteel ba di bésub
Noflaay.
40 Bés bu njëkk ba wittleen doomi garab
yu rafet ak cari tàndarma ak cari garab yu
sëq ak cari garab yu ñuy wax sóol, tey saxe
tàkkal dex. Nangeen bànneexu fi seen
kanam Yàlla Aji Sax ji diiru juróom ñaari
fan.
41 Wormaalleen màggalug Aji Sax jooju,
di juróom ñaari fan cim at, te wormaalleen
ko ci juróom ñaareelu weer wi. Dogal a
ngoogu, di lu leen war fàww, yeen ak seen
askan.
42 Ci ay mbaar ngeen di dëkk diiru
juróom ñaari fan yooyu. Mboolem
njuddu-ji-réew ci Israayil na ci dëkke
mbaar,
43 su ko defee seeni sët xam ne ciy
mbaar laa dëkkaloon bànni Israayil, ba ma
leen génnee réewum Misra. Maay seen Yàlla
Aji Sax ji.»
44 Noonu la Musaa xamale bànni
Israayil bési màggalug Aji Sax ji.

# 24

## *Lu jëm ci tegukaayu làmp bi ak mburu yi*

1 Ba loolu amee Aji Sax ji wax na Musaa
ne ko:
2 «Santal bànni Israayil, ñu indil la diwu
segalu oliw gu raxul ngir leerlu, ñu di ko
taale làmp yi guddi gu nekk.
3 Ci kanam rido bi làq gaalu àlluway
seede si, ci biir xaymab ndaje mi la
Aaróona di teg làmp yi, muy fanaanee tàkk
ngoon ba bët set, fi kanam Aji Sax ji. Dogal
a ngoogu, di lu leen war fàww, yeen ak
seen askan.
4 Na teg làmp yi ci kaw tegukaayu làmp
ba ñuy tëgge wurusu ngalam, muy
fanaanee tàkk fi kanam Aji Sax ji.
5 «Sàkkal sunguf su mucc ayib, lakk ci
fukki mburu ak ñaar, mburu mu nekk di
juróom benni kiloy sunguf.
6 Tegal mburu yi ci kaw taabalu wurusu
ngalam bi, fi kanam Aji Sax ji, te def ko
ñaari jal, jal bu ne juróom benni mburu.
7 Jal bu nekk teg ca cuuraay lu raxul, di
saraxu sawara, ñu lakk ko mu wuutu
mburu mi, ñeel Aji Sax ji, muy saraxu
baaxantal.
8 Bésub Noflaay bu nekk nañu saxoo taaj
mburu yooyu fi kanam Aji Sax ji. Loolu
sas la bu bànni Israayil di tegoo fàww.
9 Mburu yooyu Aaróona aki doomam yu
góor ñoo koy féetewoo, te nañu ko lekke fu
sell, ndaxte lu sella sell la, di lu ñu séddoo
fàww ci saraxi sawara yi ñeel Aji Sax ji.»

## *Li war ci yenn xeeti tooñaange*

10-11 Ba loolu wéyee amoon na ci biir
bànni Israayil jenn waay ju yaayam di
doomu Israayil te tuddoon Selomit doomu
Dibbri, Daneen ba. Baayam di waa Misra.
Mu am bés xeex jib ci biir dal bi, ci
diggante waa jooju ak jenn waayi Israayil
ju raxul. Ci biir loolu waa ji yaayam di
doomu Israayil wax Yàlla lu ñaaw, tudd ko
jaar fu bon. Ñu yóbbu ko ca Musaa.
12 Ñu tëj waa ja, ba xam lu Aji Sax ji
namm ci moom.
13 Ci kaw loolu Aji Sax ji wax Musaa ne
ko:
14 «Génneel dal bi ki may wax lu ñaaw,
man Yàlla, te na mboolem ku ci dégg teg
loxoom ci kaw boppam, ba noppi
mbooloo mépp dóor koy doj, ba mu dee.
15 Bànni Israayil nag nangeen leen wax
ne leen: Képp ku wax Yàllaam lu ñaaw, jaar
fu bon, na wéetoo añam.
16 Ku ñàkke kersa turu Aji Sax ji, dee
rekk mooy àtteem. Mbooloo mi mépp a ko
wara dóor ay doj, ba mu dee. Muy
doxandéem muy njuddu-ji-réew, ku ci
ñàkke kersa turu Aji Sax ji, dee mooy
àtteem.
17 «Bu loolu weesoo képp ku faat
bakkanu nit, dee rekk mooy àtteem.

18 Ku faat bakkanu mala, na fey
boroom. Bakkan, bakkan a koy fey.
19 Képp ku gaañ moroomam, la mu ko
def rekk lañu koy def.
20 Damm-damm, damm-damm a koy
fey; bët, bët a koy fey; bëñ it bëñ a koy fey.
Ni mu gaañe moroomam rekk, ni lañu koy
gaañe.
21 «Ku rey ag jur na fey boroom, waaye
ku rey nit dee mooy àtteem.
22 Na àtte bi di benn ci doxandéem ak
njuddu-ji-réew, ndax man Aji Sax ji maay
seen Yàlla.»
23 Ci kaw loolu Musaa wax ko bànni
Israayil, ñu génne dal ba waa ja ñàkke Yàlla
kersa, dóor ko ay doj, ba mu dee. Kon li
bànni Israayil def mooy li Aji Sax ji
santoon Musaa rekk.

# 25

*Lu jëm ci Atum Noflaay*

1 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax na
Musaa ca tundu Sinayi ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu ngeen
duggee ca réew ma ma leen jox, suuf sa ca
boppam war naa am àppu noflaayam ngir
Aji Sax ji.
3 Diiru juróom benni at ngeen di ji seen
tool; juróom benni at yooyu itam ngeen di
wolli seen tóokëru reseñ, dajale meññeef
ma.
4 Waaye atum juróom ñaareel ba Atum
Noflaay la wara doon, suuf sa ca boppam
day noppalu doŋŋ ngir Aji Sax ji. Buleen ci
ji seen tool, buleen ci wolli seen tóokëru
reseñ.
5 La saxe ca seenum ngóob sax, buleen
ko góobaat te it reseñ gu ñu wolliwuloon
buleen ko raasaatu. Atum Noflaay la wara
doon, suuf sa ca boppam na noppalu atum
lëmm.
6 Waaye lépp luy saxyaay ci Atum
Noflaay sañ ngeen koo lekk, yeen ak seen
jaam yu góor ak yu jigéen, ak seeni surga
ak doxandéem bu dal ak yeen.
7 Seen jur it ca la, ba ca rabi àll ya ca
seen réew. Mboolem lu suuf sa meññ,
manees na koo lekk.
8 «Gannaaw loolu nangeen waññ ba ci
juróom ñaari Ati Noflaay, loolu di juróom
ñaari at ba muy juróom ñaari yoon. Mu
doon seen juróom ñaari Ati Noflaay, tollu ci
ñeent fukki at ak juróom ñeent.
9 Su boobaa ci fukki fan ca juróom
ñaareelu weer wa nangeen wallu ab bufta
fépp. Bésub Njotlaay boobu nangeen wal
ab bufta* ci seenum réew ba mu daj.
10 Te nangeen sellal at ma ca topp di
juróom fukkeelu at ma, ngeen yéene ca
mboolem waa réew ma ba mu daj, ne
ngoreel taxaw na. Seen atum Yiwiku la,
ku nekk war cee dellu ca suufu waa këram,
ku nekk it wara dellu ca làng ga mu bokk.
11 Seen atum Yiwiku la atum juróom
fukkeel boobu di doon. Dungeen ci ji,
dungeen ci góobaat lu saxe ca seenum
ngóob te dungeen ci wolli ag reseñ, di ko
witt.
12 Gannaaw atum Yiwiku la, na doon at
mu ngeen sellal. Saxyaayub tool ngeen
saña lekk.
13 «Atum Yiwiku moomu ci ngeen di
delloo ku nekk suufam.
14 Bu ngeen di jaay seen waa réew suuf
nag mbaa ngeen di jënde suuf ci seen waa
réew, buleen di naxante.
15 Limu at yi dox seen digganteek atum
Yiwiku ma mujj, na dëppook njëg gi ngeen
di jënde suuf ci seen waa réew. Limu ati
mbey yi dox seen digganteek atum Yiwiku
ma ca toppaat it, war naa dëppook njëg ga
ñu leen jaaye.
16 Lu at yooya gëna bare, njëg ga gëna
jafe; lu at ya gëna néew, njëg ga gëna yomb,
ndaxte limu meññeefum suuf sa lees leen
koy jaaye.
17 Buleen di naxante, waaye ragalleen
seen Yàlla, ndax man Aji Sax ji maay seen
Yàlla.
18 «Saxleen ci samay dogal, sàmm samay
ndigali yoon, di ko jëfe, ndax ngeen dëkk
ak jàmm ci réew mi.
19 Kon suuf si dina nangu, ngeen di lekk
ba suur te dëkk fa ci jàmm.
20 Jombul ngeen di wax naan: “Lu nuy
lekk nag ci atum juróom ñaareel ba,
gannaaw dunu ci ji te dunu ci dajale sunu
meññeef?”
21 Waaye dinaa leen yónnee sama barke
ca atum juróom benneel ba, suuf si nangul

* **25.9 *bufta*,** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

leen meññeefum ñetti at.
22 Bu ngeen tolloo ci ji ci atum juróom
ñetteel ba, dina leen fekk ngeen di lekk
meññeefum daaw-jéeg, te meññeefum atum
juróom ñeenteel ba dina agsi, fekk ngeen di
lekk ca mu daaw-jéeg ma.

*Liy sañ-sañ ci mbirum suuf su ñuy jotaat*

23 «Suuf si deesu ko jaay, mu wel fàww,
ndax maay Boroom suuf si, yeen ay
doxandéem ngeen fi, yu ma fi dëkkal.
24 Fépp fu bokk ci seenum réew, nangeen
fa yoonal sañ-sañu jotaat ca suuf sa.
25 «Bu sa mbokk demee ba ñàkk tax koo
jaay ci suufam, mbokkam mi ko gëna jege
te am sañ-sañu jotaat suufam, na jëndaat la
mbokk ma jaayoon.
26 Ku amul ku ko ko jotaatal te moom ci
boppam mu mujj woomle, ba am lu mu ko
jotaate,
27 day wañ at ya njaay ma am, delloo ki
mu jaayoon ati mbey ya ca kooka dese,
daldi mana jotaat ci suufam.
28 Waaye su amul lu mu jëndaate
suufam, suuf sa day des ca loxol ka mu
jaayoon, ba keroog atum Yiwiku ma délsi.
Bu atum Yiwiku ma délsee, sañ naa dellu
ca suufam.
29 «Su dee waa ju jaay ab dëkkuwaay bu
nekk ci dëkk bu mag bu ñu tabax tata
wëralee ko ko, dina ko saña jotaat li feek
njaay mi amul at. Ci diir boobu la ko saña
jotaate.
30 Su ñu ko jotaatul ba njaay ma am
atum lëmm, dëkkuwaay boobu ci biir dëkk
bu mag ba ñu wëralee tata day wel fàww,
ñeel ka ko jënd, mook ku askanoo ci
moom. Du lees di delloo ci atum Yiwiku.
31 Su dee ay dëkkuwaay ci dëkk yu ndaw
yu ñu tabaxul tata, wëralee ko ko, dees koy
yemaleek alali suuf. Sañees na koo jotaat
te dees koy delloo ci atum Yiwiku.
32 «Su dee dëkki Leween ñi ak seen
dëkkuwaay ya ca biir nag, Leween ñi sañ
nañu cee jotaat fàww.
33 Kon alalu Leween manees na koo
jotaat—dëkkuwaay lay doon bu ñu jaay ci
dëkki Leween ñi—dees koy delloo bu atum
Yiwiku dikkee, ndax dëkkuwaay yi ci dëkki
Leween ñi, seen alal la ju leen lew fàww ci
seen biir bokki bànni Israayil.
34 Waaye suufas parlu yi bokk ci dëkki
Leween ñi, deesu ko jaay, ndax ñoo koy
moom fàww.

*Baaxeleen aji ñàkk*

35 «Bu seen mbokkum bànni Israayil
ñàkkee ba manatula fey lu mu leen ameel,
nangeen ko dimbali, ni bu doon
doxandéem mbaa màngaan, ndax mu
mana dund ci seen biir.
36 Buleen teg lenn lu mu mana doon ci
bor bu leen seen mbokk moomu ameel,
waaye ragalleen ci seen Yàlla, ndax mu
mana dund ci seen biir.
37 Buleen ko lebal seen xaalis, di ca teg
lenn, te buleen ko jox dund, di sàkku lu mu
ca yokk ngir delloo leen ko.
38 Man Aji Sax ji maay seen Yàlla ji leen
génne réewum Misra, jox leen réewu
Kanaan, te di seen Yàlla.

*Liy sañ-sañ ci jotaat nit*

39 «Bu seen mbokk ñàkkee ci seen biir, ba
jaay leen boppam, buleen ko duggal cig
njaam.
40 Defleen ko ni liggéeykat buy feyeeku
mbaa màngaan bu ngeen dëkkal. Na leen
liggéeyal ba keroog atum Yiwiku ma,
41 mu génn ci seeni loxo, mook ay
doomam, daldi dellu ci làngu boppam, fa
ay maamam séddoo.
42 Li waral loolu moo di bànni Israayil
dañu di sama jaam yi ma génne réewum
Misra. Deesu leen jaay njaam.
43 Buleen leen soxore ci biir kilifteef,
waaye ragalleen ci seen Yàlla.
44 Seen jaam yu góor ak seen jaam yu
jigéen, nangeen leen jële ci xeet yi leen
wër. Ci ñooñu ngeen di jënde ay jaam, góor
ak jigéen.
45 Walla ngeen jënde ba tey ci
doxandéem yi ci seen biir, mbaa ci njaboot
yi doxandéem yi am ci réew mi te ñu nekk
ci seen biir. Su ko defee ñu doon seen
ngàllo.
46 Sañ ngeen leena donale seen doom yi
leen di wuutu, ñu doon seen ngàllo seen
giiru dund. Ñooñu sañ ngeen leena def ay
jaam, waaye su dee ci seen diggante, yeen
bànni Israayil, buleen di soxorante ci biir
kilifteef.

47 «Su fekkee ne ab doxandéem bu ngeen
dëkkal mbaa ab màngaan dafa woomle te
kenn ci seeni bokk ñàkk, ba jaay boppam
doxandéem bi ngeen dëkkal mbaa kenn ku
bokk ak doxandéem bi,
48 gannaaw bu jaayee boppam, manees
na koo jotaat ba tey. Kenn ciy bokkam sañ
na koo jotaat,
49 yaar muy baayam bu ndaw mbaa
doomu baayam bu ndaw. Ku mu bokkal
làng di mbokkam lenqe sax man na koo
jotaat, te moom ci boppam man naa
woomle ba jotaat boppam.
50 Na bokk ak ka ko jënd waññ, la dale ca
at ma mu jaaye boppam, ba ca atum
Yiwiku may ñëw, muy njëgu goreelam,
dëppook at yooya. Te it nañu ci seet àqu
ñaqu liggéeykat.
51 Su desee ay at, lu at ya gëna baree,
njëg ga muy jotaate boppam gëna sore ci
njëg ga ñu ko jënde woon.
52 Te su at yu néew doxee seen
digganteek atum Yiwiku ma, na ko waññ
te fey lu ni néewe, ngir jotaat boppam.
53 Ab surga lay doon ci njaatigeem at mu
nekk, waaye waru koo soxore ci biir
kilifteef, ngeen di seetaan.
54 Su fekkee ne jotaatuñu ko ci jotin
yooyu sax, war naa moom boppam mooki
doomam ca atum Yiwiku ma.
55 Ndax kat man la bànni Israayil di
samay jaam. Ñoo di sama jaam ya ma
génne réewum Misra; yeen, maay seen Yàlla
Aji Sax ji.

# 26

## *Lu jëm ci yool yi ci déggal Yàlla*

1 «Buleen sàkkal seen bopp ay yàllantu, du
lenn luy jëmmu tuur mbaa tuuru doj wu
ngeen sampal seen bopp, te doj wu ñu ñaas
ay nataal it, buleen ko sàkkal béreb ci seen
réew, di ko sujjóotal, ndax man Aji Sax ji
maay seen Yàlla.
2 Samay bési Noflaay nag wormaalleen
ko, te sama béreb bu sell teralleen ko.
Maay Aji Sax ji.
3 «Su ngeen dee topp samay dogal, fonk
samay santaane te di ko jëfe,
4 kon maa leen di tawal ci waxtoom,
suuf si nangu, garab yi meññ.
5 Dingeen bàcc ba keroog wittum reseñ
jot te dingeen witt reseñ ba jamonoy ji jot.
Dingeen lekk seenum pepp ba suur këll te
dingeen dëkk ak jàmm ci seenum réew.
6 «Maay baaxee réew mi jàmm it, ba bu
ngeen tëddee kenn du leen tiital. Maay jële
rab wu aay ci réew mi, te saamar du jóg,
dal ci seenum réew.
7 Kon dingeen dàq seeni noon, saamar
ba dal, ñu daanu fi seen kanam.
8 Seen juróomi nit ay dàq téeméer (100),
seen téeméeri nit dàq fukki junni (10 000).
Seeni noon la saamar di dal, ñu daanu fi
seen kanam.
9 «Te itam maa leen di baaxe, giiral leen,
yokk leen. Dinaa sàmm sama kóllëreek
yeen.
10 Dingeen lekk ngóob mu yàgg, dence lu
yàgg, ba far génne mu yàgg ma, wuutal fa
mu bees.
11 «Maay samp sama kër ci seen biir te
duma leen seexlu.
12 Maay ànd ak yeen, di seen Yàlla, ngeen
di sama ñoñ.
13 Man Aji Sax ji maay seen Yàlla ji leen
génne réewum Misra, ngeen noppee doon
seeni jaam; maa dog seen buumi njaam,
siggil leen.

## *Mbugal yi ci déggadil Yàlla*

14 «Waaye bu ngeen ma déggalul te baña
jëfe sama santaane yooyu yépp,
15 su ngeen teddadilee samay dogal,
dëddu samay ndigal, ba jëfewuleen sama
santaane yépp, xanaa di fecci sama
kóllëreek yeen,
16 su boobaa li may def ak yeen mooy lii:
Maay jekki wàcce njàqare ci seen kaw, mu
ànd ak woppi ràgg, yaram wu tàng jérr ak
bët yu lëndëm, ngeen gën di wopp.
Dingeen ji seenum pepp ci neen, ndax
seeni noon a koy lekk.
17 Maa leen di noonoo ba seeni noon
duma leen, seeni bañ yilif leen. Dingeen
daw te kenn dàqu leen.
18 «Bu loolu taxul ngeen déggal ma, maa
leen di mbugal lu ko ëpp, fukki yoon ak
juróom, feye leen ko seeni bàkkaar.
19 Maay sàggi seen sag bu réy. Maay def
asamaan si leen tiim ne sereŋ nig weñ,
suuf si wow koŋŋ ni xànjar.

20 Seen doole dina kasara, ndax suuf si
ngeen di bey du leen nangul te garabi
réew mi du meññ.
21 «Su ngeen saxee ci noonoo ma, bañ
maa déggal, maay fulaat seen mbugal
fukki yoon ak juróom, feye leen ko seeni
bàkkaar.
22 Maay xabtal rabi àll yi ci seen kaw, ñu
xañ leen seeni doom, seeni gétt ñu tas,
seeni nit ñu néewal, ba seeni mbedd ne
wëyëŋ.
23 «Su ma leen loolu yaralul ba tey,
xanaa ngeen sax ci noonoo ma,
24 su boobaa man itam maa leen di
noonoo, te it man ci sama bopp maa leen
di mbugalaat lu ko ëpp, fukki yoon ak
juróom, feye leen ko seeni bàkkaar.
25 Maay dalal saamar ci seen kaw, feye
leen ko kóllëre gi ngeen fecci. Bu ngeen
làqoo ci seeni biir dëkk yu mag sax, maay
wàcce mbas ci seen biir, seeni noon jekku
leen.
26 Bu ma téyee loxo bi ma leen di leele,
fukki jigéen dinañu bokk lakk seen
mburum njël ci benn taal doŋŋ, natt ko ay
somp, séddale, ngeen lekk, te dungeen
suur.
27 «Waaye bu loolu weesoo te déggaluleen
ma, xanaa di ma noonoo ba tey,
28 su boobaa ma gën leena mereeti,
noonoo leen, te man ci sama bopp maa
leen di mbugalati lu ko ëpp, fukki yoon ak
juróom, feye leen ko seen bàkkaar.
29 Dingeen yàpp seeni doom yu góor,
yàpp seen doom yu jigéen ndax xiif.
30 Dinaa tas seen bérebi jaamookaay, toj
seeni suurukaay. Seen kasaray tuur yi ne
làcc, ma jal ca seeni néew. Maa leen di
seexlu,
31 gental seen dëkk yu mag, tas seen
béreb yu sell, te dootuma faale xetug jàmm
ca seeni sarax.
32 Maay tas seenum réew, ba seen noon
ya ko nangu yéemu ca.
33 Yeen nag maa leen di tasaare ci biir
xeet yi, ndax maay génne saamar
mbaram, mu dal ci seen kaw. Seenum
réew dina wéet, seen dëkk yu mag gent.
34 «Su boobaa mboolem diir ba suuf di
wéet moom lay daboo Ati Noflaayam, fekk
yeen ngeen nekk ca seen réewu noon ya.
Su ko defee suuf si dina noppalu moos, ba
daboo ko Ati Noflaayam.
35 Mboolem diir bi suuf siy wéet, moom
lay noppaloo la mu noppaluwuloon, ba
leen ay Ati Noflaay fekkee ngeen dëkk fa.
36 «Ñi des ci yeen, dinaa indi njàqare ci
seen xol, foofa ngeen nekk ca seen réewu
noon ya, ba xob wu ne foyfoy ngeen daw.
Dingeen xélu ni ku ñuy dàqe saamar, bay
daanu, te dàqeesu leen.
37 Dingeen fakkastalante di daw, ni ñu
ñuy dàqe saamar, te dàqeesu leen, ba
dungeen mana taxaw ci seen kanami
noon.
38 Dingeen deewe àll, te seen suufu noon
yaa leen di lekk.
39 Ñi des ci yeen dinañu ràgg ca seen
réewi noon ndax seeni bàkkaar ak seen
bàkkaari maam.

## *Aji Sax ji du fecci kóllëreem*

40 «Su ko defee ñoom dinañu tudd seen
bàkkaar ak seen bàkkaaru maam ya, ndax
dañu maa wor te dëkke maa noonoo,
41 ba man itam ma noonoo leen, toxal
leen seen réewu noon. Bu ñu tuubee seen
xol bu dëgër nag, ba matal seen mbugal yi
sababoo ci seeni ñaawtéef,
42 su boobaa maay bàyyi xel ci sama
kóllëre gaak Yanqóoba ak sama kóllëre
gaak Isaaxa ak sama kóllëre gaak
Ibraayma, te duma fàtte li ma dige ci wàllu
réew mi.
43 «Waaye réew mi dinañu ko gental, mu
daboo Ati Noflaayam diir ba ñu ko dëddoo,
wéetal ko, te fekk ñoom ñuy fey seen boru
tooñ; ndax kat dañoo sofental samay
santaane, xalab samay dogal.
44 Ndaxam du tax ma sofental leen ca
seen réewu noon, mbaa ma di leen xalab,
di leen faagaagal, nde kon ma fecci sama
kóllëreek ñoom. Ndax man Aji Sax ji maay
seen Yàlla.
45 Maa leen di bàyyil xel ci sama kóllëre
gaak seen maam ya ma génne réewum
Misra, jàmbur ñi seede, ngir doon seen
Yàlla. Maay Aji Sax ji.»
46 Looloo di dogal yaak santaane yaak
ndigali yoon ya Aji Sax ji tëral ca
digganteem ak bànni Israayil ca kaw
tundu Sinayi, Musaa jottali leen ko.

# Lu jëm ci jagleel Aji Sax ji nit ak alal

## 27

*(Saar 27)*
1 Ba loolu weesoo Aji Sax ji wax na
Musaa ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Képp ku
dogoo jagleel Aji Sax ji nit*, man naa
wàccook kàddoom ci kaw nii ñu ko xaymaa.
3 Su dee góor gu am ñaar fukki at ba
juróom benn fukki at, nanga ko xayma ci
juróom fukki dogi xaalis, ci xaalisu béreb
bu sell bi.
4 Su dee jigéen, nanga ko xayma ci
fanweeri dogi xaalis.
5 Su amee juróomi at ba ñaar fukki at,
danga koy xayma ci ñaar fukki dogi xaalis,
su dee góor, mbaa fukki dogi xaalis, su dee
jigéen.
6 Su dee ku am weer jàpp juróomi at,
nanga ko xayma ci juróomi dogi xaalis su
dee góor; mbaa ñetti dogi xaalis su dee
jigéen.
7 Su dee ku am juróom benn fukki at ak
lu ko ëpp, nanga ko xayma ci fukki dogi
xaalis ak juróom su dee góor; mbaa fukki
dogi xaalis su dee jigéen.
8 Su fekkee ne ki dogu woona jagleel nit
ki Aji Sax ji da di ku am-amam yées sa
xayma, na kooku yóbbu nit ki ba ca
sarxalkat ba, sarxalkat bi xaymaal ko nit
ki ci lu dëppook am-amam, moom mi dogu
woon.
9 «Su fekkee ne la ñu dogu woona joxe ag
jur la gu dagana sarxalal Aji Sax ji, day
daldi sell.
10 Deesu ko weccee. Du jur gu baax gu
ñu ko mana wuutoo, doonte jur gu bon la,
te du jur gu bon gu ñu ko mana wuutoo, te
fekk muy gu baax. Ci biir jagleel googu ku
xasa wuutoo ag jur moroom ma, jur gu
njëkk gaak kuutaay la dañuy bokk doon lu
sell.
11 Su fekkee ne la ñu dogu woona joxe
mala mu daganul la te daganula sarxalal
Aji Sax ji, na nit ki yóbbu jur ga ba ca
sarxalkat ba,
12 sarxalkat ba xayma ko. Su baaxee su
bonee, lu mu ci dogal mooy wéy.
13 Su ko boroom bëggee jotaat, day fey
njëg ga, yokk ca xaajub juróomeelu njëg ga.
14 «Su nit jagleelee Aji Sax ji
dëkkuwaayam, sellalal ko ko, na sarxalkat
bi xayma dëkkuwaay bi. Su baaxee su
bonee, lu mu ci dogal mooy wéy.
15 Su fekkee ne ki dogu woona joxe
dëkkuwaayam da koo bëgga jotaat, day fey
njëg ga ñu ko xaymaa, yokk ca xaajub
juróomeelam, mu doonaat alalam.
16 «Su nit jagleelee Aji Sax ji suuf su mu
moom ci suufas ndonoom, na ñuy xaymaa
suuf sa, na dëppook dayob pepp bay mat
jiwum suuf sa. Ñetti barigoy peppum lors
yu ne juróom fukki dogi xaalis† a koy
wecci.
17 Su fekkee ne ci atum Yiwiku la joxe
suuf si, xaymab suuf si day mat sëkk ànd
ak moom.
18 Waaye su fekkee ne gannaaw atum
Yiwiku la joxe suuf si, sarxalkat bi da koy
nattal njëg gi ci at yi dox seen digganteek
atum Yiwiku ma ca topp, génne ca at ya
wees.
19 Su fekkee ne ki dogu woona joxe tool
bi da koo bëgga jotaat, day fey njëg ga ñu
ko xaymaa, yokk ca xaajub juróomeelam,
mu doonaat alalam.
20 Su jotaatul tool bi, ba ñu jaay tool bi
keneen, deesu ko mana jotaat.
21 Bu tool bi yiwikoo ci atum Yiwiku
nag, day daldi doon lu ñu sellalal Aji Sax ji,
mel ni tool bu ñu aaye, mu doon alalu
sarxalkat.
22 «Su fekkee ne nit ki dafa jagleel Aji
Sax ji tool bu mu jënd, te donnu ko,
23 sarxalkat bi da koy xaymaal njëg gi,
méngale kook at yi dox seen digganteek
atum Yiwiku may ñëw. Na nit ki fey la ñu
xayma ca bés ba, xaalis ba di lu ñuy
sellalal Aji Sax ji.
24 Bu atum Yiwiku dikkee, tool bi day
dellu ca ka ñu ko jënde woon te mu di alalu
ndonoom.
25 Mboolem lu ngeen xayma, na dëppook
natt ba ñu yoonal ci béreb bu sell bi,

* **27.2** Nit man naa jagleel moroomam Yàlla, muy liggéey ca kër Yàlla ga. Aaya yii wone na ne nit ku ñu jagleel moroomam Yàlla, manees na koo yiwi ci kaw ñu feyal ko ab limu xaalis. † **27.16** Benn dogu xaalis boobu mu ngi tollu woon ci benn siikal, diisaayam di fukki garaam ak benn ak genn-wàll.

maanaam li ñuy wax siikal te mu tollu ci
ñaar fukki gera‡.
26 «Waaye kat luy taaw cig jur, Aji Sax jee
ko moom jeeg. Du lu kenn di dogoo jagleel
Aji Sax ji. Muy barmol, muy mbote, muy
tef, Aji Sax jeey boroom.
27 Su dee lu mala mu daganul taawloo,
ka ko moomoon man na koo jotaat
ndegam fey na njëgam, ba dolli ca xaajub
juróomeelu njëg ga. Bu ñu ko jotaatul, dees
koy jaay ci njëg gi ñu ko xaymaa.
28 Mboolem lu ñu aaye ngir Aji Sax ji, lu
sella sell la ñeel Aji Sax ji. Lépp lu nit
moom, su dee nit mbaa jur mbaa suuf su
mu donn, amu ci lenn lu nit aaye ngir Aji
Sax ji te ñu sañ koo jaay mbaa mu di ko
jotaat.
29 Ba tey du kenn nit ku ñu aaye
bakkanam ngir Aji Sax ji, mu wara sànku,
ba noppi ñu di ko jotaat. Dees koy rey
rekk.
30 «Bu loolu weesoo mboolem lu jóge ci
suuf, muy pepp mbaa doomi garab, cérub
fukkeel ba Aji Sax jeey boroom. Dees koy
sellalal Aji Sax ji.
31 Su fekkee ne nit ki dafa namma jotaat
lenn ca céru fukkeelu meññeefam ma muy
génne, day yokk ca njëg ga xaajub
juróomeelam.
32 Mboolem céru fukkeel bu ñu génnee
cig jur, gu gudd gaak gu gàtt ga, muy lépp
lu sàmm waññe bantam, cérub fukkeel la
bu ñuy sellalal Aji Sax ji.
33 Deesu ci seet jur gu baax ak gu bon te
deesu ci wuutal lenn. Bu ci nit xasee
wuutal lenn, la njëkk ak la ko wuutu lépp
day daldi doon lu sell. Deesu ko mana
jotaat.»
34 Yooyu santaane la Aji Sax ji dénkoon
Musaa ca tundu Sinayi, ngir mu jottali ko
bànni Israayil.

‡ **27.25** ***gera*** moo doon natt, ba gënoona tuut ci wàllu diisaay, lu tollook genn-wàllu garaam.

# Màndiŋ ma
## fa bànni Israayil jaare woon

Téereb Yonent Yàlla Musaa bii moo
tàmbalee ca bés ba bànni Israayil jógee ca
taatu tundu Sinayi, jëm màndiŋu Paran, ca
bëj-gànnaaru réew mi leen Yàlla digoon.
Seen ñàkk kóllëre tax na Yàlla teg leen ab
daan, ñuy wëndeelu ca màndiŋ ma ñeent
fukki at, ba maas ga doon jàmbat dee, ba
geneen maas wuutu leen. Gannaaw gi
lañu sumb ay xare ba daan ca penkub
dexu Yurdan, doora waaj, ngir jàll ca biir
réewum dige ba.

Ci tënk:

- Saar 1—21 Bànni Israayil jànge nañu ca maam ya jóge woon Misra.
- Saar 22—25 Céru barke bu sax ñeel na bànni Israayil.
- Saar 26—36 Bànni Israayil dégg nañu ab artoom balaa ñuy dugg ca réewum Kanaan.

## Israayil jànge na ca maam ya jógenum woon Misra

*(Saar 1—21)*

### *Takk nañu limu bànni Israayil*

1 Aji Sax ji moo wax ak Musaa ca
màndiŋu Sinayi ca biir xaymab ndaje ma,
keroog benn fanu ñaareelu weer wu
ñaareelu at, ma topp ca gàddaay ga bawoo
Misra. Mu ne ko:
2 «Limleen mbooloom bànni Israayil gépp,
na ñu bokke seeni làng ak seen këri maam.
Waññleen góor ñépp, bopp ak bopp, ku
nekk ak turam.
3 Li ko dale ñaar fukki at, jëm kaw,
mboolem ñi xare war ci Israayil daal,
nangeen leen lim, gàngoor ak gàngoor, yaw
ak Aaróona.
4 Giir gu ci nekk, àndleen ceek kilifa yi
jiite seen këri maam, ñu jàppale leen ci.
5 Ñiy wuyoo tur yii nag, ñoo leen ciy
taxawu:
Ci wàllu Rubeneen ñi, Elicur doomu
Sedeyur.
6 Wàllu Cimyoneen ñi, Selumyel doomu
Curisadaay.
7 Wàllu Yudeen ñi, Naason doomu
Aminadab.
8 Wàllu Isakareen ñi, Netaneel doomu
Cuwar.
9 Wàllu Cabuloneen ñi, Elyab doomu
Elon.
10 Ñi ciy askanu Yuusufa ñii la:
Ci wàllu Efraymeen ñi, Elisama doomu
Amiyudd.
Wàllu Manaseen ñi, Gamliyel doomu
Pedacur.
11 Wàllu Beñamineen ñi, Abidan doomu
Gidoni.
12 Wàllu Daneen ñi, Axyeser doomu
Amisadaay.
13 Wàllu Asereen ñi, Pagyel doomu
Okkran.
14 Wàllu Gàddeen ñi, Elyasaf doomu
Dewel.
15 Wàllu Neftaleen ñi, Axira doomu
Enan.»
16 Ñooñu lañu woo ci mbooloo mi, muy
ñi jiite seen giiri maam. Ñooy njiiti
gàngoori Israayil.
17 Ba loolu amee Musaa ak Aaróona
tofloo ñooñu ñu tudd seeni tur,
18 ñu dajale mbooloo ma mépp, keroog
ca benn fanu ñaareelu weer wa. La ko dale
ca ña am ñaar fukki at, jëm kaw, ñoom ñépp
daldi bindu ca limeefu tur ya, ku nekk ak
kër maamam, giir ak giir, làng ak làng,
bopp ak bopp.
19 Noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa, na la Musaa takke seen lim ca
màndiŋu Sinayi.
20 Ñu lim bopp ak bopp, turi sëti Ruben
taawub Israayil seen maam*, ku nekk ak
làngu cosaanam ak kër maamam,
mboolem góor ñi xare war, te ñu am ñaar
fukki at, jëm kaw.
21 Limub Rubeneen ñi di ñeent fukki
junni ak juróom benn ak juróomi téeméer
(46 500).
22 Ñu lim bopp ak bopp, turi sëti
Simeyon, ku nekk ak làngu cosaanam ak
kër maamam, mboolem góor ñi xare war,
te ñu am ñaar fukki at, jëm kaw.
23 Limub Cimyoneen ñi di juróom fukki
junneek juróom ñeent ak ñetti téeméer
(59 300).

* **1.20** Israayil mooy Yanqóoba.

24 Ñu lim turi sëti Gàdd, ku nekk ak làngu
cosaanam ak kër maamam, mboolem góor
ñi xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm
kaw.
25 Limub Gàddeen ñi di ñeent fukki
junneek juróom ak juróom benni téeméer
ak juróom fukk (45 650).
26 Ñu lim turi sëti Yuda, ku nekk ak làngu
cosaanam ak kër maamam, mboolem góor
ñi xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm
kaw.
27 Limub Yudeen ñi di juróom ñaar fukki
junneek ñeent, ak juróom benni téeméer
(74 600).
28 Ñu lim turi sëti Isaakar, ku nekk ak
làngu cosaanam ak kër maamam,
mboolem góor ñi xare war, te ñu am ñaar
fukki at, jëm kaw.
29 Limub Isakareen ñi di juróom fukki
junneek ñeent ak ñeenti téeméer (54 400).
30 Ñu lim turi sëti Sabulon, ku nekk ak
làngu cosaanam ak kër maamam,
mboolem góor ñi xare war, te ñu am ñaar
fukki at, jëm kaw.
31 Limub Cabuloneen ñi di juróom fukki
junneek juróom ñaar ak ñeenti téeméer
(57 400).
32 Ñu lim turi sëti Yuusufa yi askanoo ci
doomam Efrayim, ku nekk ak làngu
cosaanam ak kër maamam, mboolem góor
ñi xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm
kaw.
33 Limub Efraymeen ñi di ñeent fukki
junni ak juróomi téeméer (40 500).
34 Ñu lim turi sëti Yuusufa yi askanoo ci
doomam Manase, ku nekk ak làngu
cosaanam ak kër maamam, mboolem góor
ñi xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm
kaw.
35 Limub Manaseen ñi di fanweeri
junneek ñaar ak ñaari téeméer (32 200).
36 Ñu lim turi sëti Beñamin, ku nekk ak
làngu cosaanam ak kër maamam,
mboolem góor ñi xare war, te ñu am ñaar
fukki at, jëm kaw.
37 Limub Beñamineen ñi di fanweeri
junneek juróom ak ñeenti téeméer (35 400).
38 Ñu lim turi sëti Dan, ku nekk ak làngu
cosaanam ak kër maamam, mboolem góor
ñi xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm
kaw.
39 Limub Daneen ñi di juróom benn
fukki junneek ñaar ak juróom ñaari téeméer
(62 700).
40 Ñu lim turi sëti Aser, ku nekk ak
làngam ak kër maamam, mboolem góor ñi
xare war, te ñu am ñaar fukki at, jëm kaw.
41 Limub Asereen ñi di ñeent fukki
junneek benn ak juróomi téeméer (41 500).
42 Ñu lim turi sëti Neftali, ku nekk ak
làngu cosaanam ak kër maamam,
mboolem ñi xare war, te ñu am ñaar fukki
at, jëm kaw.
43 Limub Neftaleen ñi di juróom fukki
junneek ñett ak ñeenti téeméer (53 400).
44 Yooyu limeef la Musaa ak Aaróona
tënk, ña leen ca jàppale di fukki kilifay
Israayil ak ñaar, ku ci nekk taxawal kër
maamam.
45 Mboolem bànni Israayil yi xare war,
te ñu am ñaar fukki at, jëm kaw, limees na
leen, ku ci nekk ak kër maamam.
46 Ña ñu lim ñépp di juróom benn
téeméeri junneek ñett ak juróomi téeméer
ak juróom fukk (603 550).

*Limaaleesul Leween ñi*

47 Giirug Leween ñi nag ci bànni Israayil
lañu bokk, waaye limaaleesu leen ak
ñoom.
48 Aji Sax ji moo waxoon Musaa, ne ko:
49 «Giirug Lewi ñoom, bu leen lim, bu
leen wàññaaleek bànni Israayil.
50 Waaye yaw ci sa bopp nanga sas
Leween ñi jaamookaay bi seedes kóllëre gi
dence, mook la muy àndal lépp, ak
mboolem lu ca bokk. Ñooy gàddu
jaamookaay bi, ak la muy àndal lépp, di ko
toppatoo, te it fi wër jaamookaay bi lañuy
dal.
51 Bu jaamookaay bi dee dem, Leween
ñee koy wékki, bu jaamookaay bi dee dale
béreb, Leween ñee koy we. Ku ci bokkul ba
laal ci nag, dees koy rey.
52 Bànni Israayil gi ci des, na ku ci nekk
topp dalam, ak raayaam ak kuréelam.
53 Leween ñi nag nañu dal fi wër
jaamookaay bi seedes kóllëre gi dence. Su
ko defee sama sànj du dal ci kaw
mbooloom bànni Israayil. Te itam na
Leween ñi sàmm ndénkaaneb jaamookaay
bi seedes kóllëre gi dence.»

54 Bànni Israayil daldi def noonu.
Mboolem lu Aji Sax ji santoon Musaa,
noonee lañu ko defe.

# 2

*Lu jëm ci dalinu giir yi*

1 Ba loolu wéyee Aji Sax ji wax Musaa ak
Aaróona, ne leen:
2 «Na bànni Israayil di dal, ku nekk ak
raayaam ak xàmmikaayu kër maamam. Fi
wër xaymab ndaje mi te dànd ko as lëf, fi
lañuy dale:
3 «Ñay dale ca kanam, fa féete penku,
ñooy waa raayab Yuda ak seeni gàngoor,
kilifag Yudeen ñi di Naason doomu
Aminadab.
4 Ña ñu lim ci gàngooram di juróom ñaar
fukki junneek ñeent ak juróom benni
téeméer (74 600).
5 «Ñay dale fa feggook ñoom ñooy giirug
Isakareen ñi, kilifag askanu Isaakar di
Netaneel doomu Cuwar.
6 Ña ñu lim ci gàngooram di juróom fukki
junneek ñeent ak ñeenti téeméer (54 400).
7 «Giirug Cabuloneen ñeey feggook ñoom,
kilifag askanu Sabulon di Elyab doomu
Elon.
8 Ña ñu limal gàngooram di juróom fukki
junneek juróom ñaar ak ñeenti téeméer
(57 400).
9 «Mboolem ña ñu limal dalub Yuda aki
gàngooram daldi doon téeméeri junneek
juróom ñett fukk ak juróom benn ak ñeenti
téeméer (186 400). Bu ñuy dem, ñooñooy
dox, jiitu.
10 «Waa raayab Ruben ñooy dale
bëj-saalum, ñook seeni gàngoor, kilifag
askanu Ruben di Elicur doomu Sedeyur.
11 Ña ñu limal gàngooram di ñeent fukki
junneek juróom benn ak juróomi téeméer
(46 500).
12 «Ñay dale fa feggook ñoom ñooy giirug
Cimyoneen ñi, kilifag askanu Simeyon di
Selumyel doomu Curisadaay.
13 Ña ñu limal gàngooram di juróom fukki
junneek juróom ñeent ak ñetti téeméer
(59 300).
14 «Giiru Gàddeen ñeey feggook ñoom,
kilifag askanu Gàdd di Elyasaf doomu
Rewel.
15 Ña ñu limal gàngooram di ñeent fukki
junneek juróom ak juróom benni téeméer
ak juróom fukk (45 650).
16 «Mboolem ña ñu limal dalub Ruben aki
gàngooram doon téeméeri junneek juróom
fukk ak benn, ak ñeenti téeméer ak juróom
fukk (151 450). Bu ñuy dem, ñooñooy doon
ñaareelu kuréel, dox, topp ca.

17 «Su ko defee xaymab ndaje mi jóg
topp ca, ànd ak Leween ñi koy gàddu, te
seen dal nekk ci digg dal yi. Noonee kuréel
yiy dale daal, ni lañuy jóge dem, ku nekk
topp ayam ak raayaam.

18 «Waa raayab Efrayim ñooy dale wetu
sowu, ñook seeni gàngoor, kilifag askanu
Efrayim di Elisama doomu Amiyudd.
19 Ña ñu limal gàngooram di ñeent fukki
junni ak juróomi téeméer (40 500).
20 «Ñay dale fa feggook ñoom ñooy giirug
Manaseen ñi, kilifag askanu Manase di
Gamliyel doomu Pedacur.
21 Ña ñu limal gàngooram di fanweeri
junneek ñaar ak ñaari téeméer (32 200).
22 «Giirug Beñamineen ñeey feggook ñoom,
kilifag askanu Beñamin di Abidan doomu
Gidoni.
23 Ña ñu limal gàngooram di fanweeri
junneek juróom ak ñeenti téeméer (35 400).
24 «Mboolem ña ñu limal dalub Efrayim
aki gàngooram daldi doon téeméeri junneek
juróom ñett ak téeméer (108 100). Bu ñuy
dem, ñooñoo di ñetteelu kuréel, dox topp
ca.

25 «Waa raayab Dan ñooy dale
bëj-gànnaar, ñook seeni gàngoor, kilifag
askanu Dan di Axyeser doomu
Amisadaay.
26 Ña ñu limal gàngooram di juróom benn
fukki junneek ñaar ak juróom ñaari téeméer
(62 700).
27 «Ñay dale fa feggook ñoom ñooy giirug
Asereen ñi, kilifag askanu Aser di Pagyel
doomu Okkran.
28 Ña ñu limal gàngooram di ñeent fukki
junneek benn ak juróomi téeméer (41 500).
29 «Giirug Neftaleen ñeey feggook ñoom,
kilifag askanu Neftali di Axira doomu
Enan.

30 Ña ñu limal gàngooram di juróom fukki
junneek ñett ak ñeenti téeméer (53 400).
31 «Mboolem ña ñu limal dalub Dan daldi
doon téeméer ak juróom fukki junneek
juróom ñaar ak juróom benni téeméer
(157 600). Ñooñooy mujja jóg, topp seeni
raaya.»

32 Ñooñu lañu limal bànni Israayil na ñu
bokke seen këri maam. Mboolem ña ñu
limal dal ya ak seeni gàngoor doon juróom
benni téeméeri junneek ñett ak juróomi
téeméer ak juróom fukk (603 550).
33 Leween ñi nag limaaleesu leen ci
bànni Israayil, te noonu la ko Aji Sax ji
sante woon Musaa.
34 Bànni Israayil daldi def noonu.
Mboolem noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa, na lañu daan dale, topp seeni
raaya, na lañu daan jóge, ku nekk ak
làngam ak kër maamam.

# 3

## *Lu jëm ci sasi Leween ñi*

1 Ñii ñoo di askani Aaróona ak Musaa,
jant ba Aji Sax jiy wax, mook Musaa ca
kaw tundu Sinayi.
2 Doomi Aaróona yu góor ñoo di Nadab,
taaw ba, ak Abiyu ak Elasar ak Itamar.
3 Turi doomi Aaróona yu góor, sarxalkat
yaa ngi noonu; ñu faloon leen, sédd leen
céru carxal.
4 Nadab ak Abiyu nag mujj dee fi kanam
Aji Sax ji, ba ñu taalalee Aji Sax ji cuuraay
lu warul ca màndiŋu Sinayi. Gannaaw
amuñu woon doom yu góor, Elasar ak
Itamar daldi féetewoo liggéeyu carxal ba,
ca seen kanamu baay Aaróona.
5 Ci kaw loolu Aji Sax ji ne Musaa:
6 «Indil Leween ñi, tegleen ci kilifteefu
Aaróona sarxalkat bi, ngir ñu di ko jàppale;
7 ñooy sàmm ndénkaaneem, di sàmm
ndénkaaneb mbooloo mépp fi kanam
xaymab ndaje mi, ndax ñooy sasoo
liggéeyu jaamookaay bi.
8 Ñooy sàmm mboolem jumtukaayi
xaymab ndaje mi, ñooy sàmm ndénkaaneb
bànni Israayil, ndax ñooy sasoo liggéeyu
jaamookaay bi.
9 Noonu ngay jële Leween ñi, sédd leen
Aaróona ak doomam yu góor. Ñoom ñoo di
cér bu mat sëkk bu ñu koy sédde ci bànni
Israayil.
10 Aaróona ak doomam yu góor nag ngay
tabb ngir ñu sasoo seenug carxal, waaye
képp ku ci laal te bokku ci, dees koy rey.»
11 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
12 «Man mii nag, maa seppee Leween ñi
ci bànni Israayil, maa leen weccoo
mboolem taaw bu góor bu njëkka juddoo ci
ndeyam, ci biir bànni Israayil. Kon nag
Leween ñi, sama cér lañuy doon.
13 Ndax lépp luy taaw bu góor, sama cér
la. Keroog ba ma reyee lépp luy taaw bu
góor ca réewum Misra, ca laa sellalal sama
bopp lépp luy taaw ci Israayil, dale ci nit
ba ci jur. Maa leen séddoo. Maay Aji Sax
ji.»

## *Lim nañu askanu Leween ñi*

14 Aji Sax ji waxati Musaa ca màndiŋu
Sinayi, ne ko:
15 «Limal askanu Leween ñi, ni ñu bokke
seen këri maam ak seeni làng. Mboolem
góor ñi am weer, jëm kaw, ngay lim.»
16 Musaa daldi leen lim ci ndigalal Aji
Sax ji, na ñu ko ko sante.
17 Gerson ak Keyat ak Merari ñoo
soqikoo ci Lewi*.
18 Doomi Gerson yu góor ñoo di Libni ak
Simey, ku ci nekk ak làngam.
19 Doomi Keyat yu góor ñoo di Amram ak
Iccar ak Ebron ak Usyel, ku ci nekk ak
làngam.
20 Doomi Merari yu góor ñoo di Maxli ak
Musi, ku ci nekk ak làngam. Làngi Leween
ñaa ngoogu, na ñu bokke seen këri maam.
21 Ci Gerson la làngu Libneen ñi, ak làngu
Cimeyeen ñi soqikoo. Làngi Gersoneen ñaa
ngoogu.
22 Ña ñu leen limal, ba ñu waññee
mboolem góor ña am weer, jëm kaw,
juróom ñaari junni ak juróomi téeméer
(7 500) lañu.
23 Làngi Gersoneen ña, ca gannaaw
jaamookaay ba lañu daan dale, fa féete
sowu.
24 Gersoneen ñi, seen kilifag kër maam
moo doon Elyasaf doomu Layel.

* **3.17** Seetal ci *Njàlbéen ga* 46.11.

25 Askanu Gerson nag, seen sas ci wàllu
xaymab ndaje mi, jaamookaay bi la woon
ak xayma bi, ak malaan mi koy ub, ak
ridob bunt xaymab ndaje mi,
26 ak kiiraayi ëtt beek ridob bunt ëtt bi
wër jaamookaay beek sarxalukaay bi, ak
buum yeek mboolem liggéey bu ci war.
27 Keyat nag, ci moom la làngu
Amrameen ñi soqikoo, ak làngu Iccareen
ñi, ak làngu Ebroneen ñi, ak làngu Usyeleen
ñi. Làngi Keyateen ñaa ngoogu.
28 Ba ñu waññee mboolem góor ña ca am
weer, jëm kaw, juróom ñetti junni ak
juróom benni téeméer (8 600) lañu. Ñoo
sàmmoon ndénkaaneb béreb bu sell bi.
29 Làngi Keyateen ñi, wet ga féete
jaamookaay ba bëj-saalum, fa lañu daan
dale.
30 Keyateen ñi, seen kilifag kër maam
moo doon Elicafan doomu Usyel.
31 Seen sas nag moo doon gaal gi, ak
taabal ji, ak tegukaayu làmp bi, ak
sarxalukaay yi, ak ndabi sarxal ya ñu ca
daa jëfandikoo, ak ridob biir bi, ak
mboolem liggéey bu ci war.
32 Njiiti Leween ñi nag, seen kilifa gu
mag moo doon Elasar doomu Aaróona
sarxalkat ba. Moo doon saytu ña sàmmoon
ndénkaaneb béreb bu sell ba.
33 Ci Merari la làngu Maxleen ñi ak làngi
Museen ñi soqikoo. Làngi Merareen ñaa
ngoogu.
34 Ña ñu leen limal, ba ñu waññee
mboolem góor ña am weer, jëm kaw,
juróom benni junni ak ñaari téeméer (6 200)
lañu.
35 Merareen ñi, seen kilifag kër maam
moo doon Curyel doomu Abixayil. Ca wet
ga féete jaamookaay ba bëj-gànnaar, fa lañu
daan dale.
36 Askanu Merari, seen sas moo doon
xànqi jaamookaay bi aki galanam ak jën yi
ak tegu yi, ak mboolem jumtukaay ya muy
àndal, ak liggéey bu ca war,
37 ak jën yi wër ëtt bi, ak seeni tegu, ak
seen xeri sampukaay, ak seeni buum.
38 Ña daan dale nag fa jàkkaarlook
jaamookaay bi, ca kanam, janlook
xaymab ndaje mi, ca wetu penku, ñoo
doon Musaa ak Aaróona ak doomam yu
góor. Ñoo sàmmoon ndénkaaneb xayma bu
sell bi, sasool ko bànni Israayil, te ku ci laal
te bokku ci, dees koy rey.
39 Mboolem ña ñu limal Leween ñi, te
Musaa ak Aaróona lim leen na ñu bokke
seeni làng ci ndigalal Aji Sax ji, ñuy
mboolem góor ñi am weer, jëm kaw, ñaar
fukki junneek ñaar (22 000) lañu.

## *Lim nañu taaw yi ngir seen njotlaay*

40 Aji Sax ji waxaat Musaa, ne ko: «Limal
taawi bànni Israayil yu góor yépp, dale ko
ci ñi am weer, jëm kaw, nga waññ te bind
seeni tur.
41 Su ko defee nga beral ma Leween ñi,
man Aji Sax ji, ñu wecci mboolem taawi
bànni Israayil gi ci des, juri Leween ñi itam
wecci mboolem luy taaw ci juri bànni
Israayil gi ci des.»
42 Ci kaw loolu Musaa lim taawi bànni
Israayil yépp, na ko ko Aji Sax ji sante.
43 Ba ñu waññee mboolem taaw yu góor
ya, bind seeni tur, dale ci ñi am weer, jëm
kaw, seenub lim nekk na ñaar fukki
junneek ñaar ak ñaari téeméer ak juróom
ñaar fukk ak ñett (22 273).
44 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
45 «Beral Leween ñi, ñu wecci mboolem
taawi bànni Israayil, juri Leween ñi it
wecci seenug jur, ma daldi séddoo Leween
ñi, man Aji Sax ji.
46 Njotlaay nag dina war ci ñaari téeméer
ak juróom ñaar fukk ak ñetti (273) bopp, yi
taawi bànni Israayil ëppe Leween ñi.
47 Su ko defee nga sàkku bopp bu ci nekk
juróomi siikal; ci siikal bi ñu yoonal ci néeg
bu sell bi nga koy sàkkoo, siikal bu ci nekk
wecci ñaar fukki gera†.
48 Nanga jox xaalis boobu Aaróona ak
doomam yu góor, muy njotlaayal taaw yi
ci tegu.»
49 Ba loolu amee Musaa feyeeku xaalisu
njotlaayal taaw yooyu tegu ca taaw, ya
jotoo Leween ña.
50 Xaalis ba mu nangoo ca taawi bànni
Israayil di junniy siikal ak ñetti téeméer ak
juróom benn fukk ak juróom (1 365), ci
siikal bi ñu yoonal ci néeg bu sell bi, xawa
tollu ci fukki kilo ak juróom ak genn-wàll.

† **3.47** Ñaar fukki gera tollu na ci fukki garaam ak benn ak genn-wàll.

51 Ci kaw loolu Musaa jox Aaróona ak doomam yu góor xaalisu njotlaay ba, ci ndigalal Aji Sax ji, na ko ko Aji Sax ji sante.

# 4

## *Yeneen kuréeli Leween a ngi ak seeni sas*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ak Aaróona, ne:

2 «Leween ñi askanoo ci Keyat, waññleen leen bopp ak bopp, na ñu bokke seeni làng, ak seen këri maam.

3 Daleleen ci góor ñi am fanweeri at, ba juróom fukki at, muy mboolem ñi yelloo bokk ci kuréel, gi liggéeyu biir xaymab ndaje mi war.

4 Liggéeyu Keyateen ñi ci biir xaymab ndaje mi moo di wàllu jumtukaay yu sell yee sell.

5 «Bu dal bi dee jóg, na Aaróona ak doomam yu góor dugg, wékki kiiraay li, di ridob biir bi, te ñu muure ko gaalu seedes kóllëre gi.

6 Nañu lalaat ca kaw kiiraayal deru piipi, te ñu lalati ca kaw, ndimo lu lépp baxa, doora roof njàppuy gaal gi.

7 «Taabalu mburum teewal mi, nañu ci lal ndimo lu baxa, teg ci ndab yeek bàttu yeek njaq yeek tax yi ñuy sottee saraxi tuuru, door cee teg mburu moomu dul wuute.

8 Nañu muure yooyu ndimo lu xonq curr, te ñu lalaat ca kaw malaanum deru piipi, doora roof njàppuy taabal ji.

9 «Su ko defee ñu jël ndimo lu baxa, muure ko tegukaayu làmp bi, aki làmpam aki ñiimam aki andam, ak mboolem ndabi diwam ya ñu cay jëfoo.

10 Nañu boole tegukaayu làmp beek mboolem la muy àndal, ñu ëmbe lépp malaanum deru piipi, te teg ko ci kaw tagar bi ñu koy gàddoo.

11 Sarxalukaay bu ñu xoobe wurus*, nañu lal ci kawam ndimo lu baxa, lalaat ca kaw malaanum deru piipi, doora roof njàppuy sarxalukaay bi.

12 Nañu jël mboolem jumtukaay yi ñuy liggéeye ci biir béreb bu sell bi, ñu ëmbe ko ndimo lu baxa, muure ko malaanum deru piipi, door koo teg ci kaw tagar bi ñu koy gàddoo.

13 Nañu dindi niiniti sarxalukaayu xànjar bi, te ñu lal ci kaw sarxalukaay bi, ndimo lu xonq curr.

14 Nañu teg ca kaw ndimo la mboolem ndab, ya ñuy liggéeye ca sarxalukaay ba: and yeek cappukaayi yàpp yeek ñiitukaay yeek këll yi; jumtukaayi sarxalukaay bi yépp daal, te ñu lal ca kaw, malaanum deru piipi, doora roof njàppuy sarxalukaay bi.

15 «Bu dal bi waree jóg, na Aaróona ak doomam yu góor muur yëf yu sell yi, ak mboolem jumtukaayi xaymab ndaje mi ba noppi. Gannaaw loolu la askanu Keyat di dikk, ngir gàddu ko. Su ko defee duñu laal dara lu sell, bay dee. Loolu la Keyateen ñi di gàddu ci wàllu xaymab ndaje mi.

16 «Elasar doomu Aaróona sarxalkat bi nag, ab saytoom moo di diwu làmp bi, ak cuuraay li, ak saraxu pepp bi dul jaas, ak diwu pal gi. Mooy féetewoo jaamookaay bi bépp, ak mboolem li ci biiram, ba ci yëf yu sell yi, aki jumtukaayam.»

17 Aji Sax ji waxati ba tey ak Musaa ak Aaróona, ne leen:

18 «Buleen yóbbe Keyateen ñeek seeni làng, lu ñu leen di dagge ci biir Leween ñi.

19 Nii ngeen di def ak ñoom, ba bu ñu jegee yëf yu sell yee sell, di dund te duñu ca dee: Aaróona aki doomam ñooy dugg, daldi sédd ku nekk ci ñoom liggéeyam ak la muy gàddu.

20 Bu Keyateen ñi dugg, di xool lu mu gàtt gàtt, yëf yu sell yi. Lu ko moy ñu dee.»

21 Gannaaw loolu Aji Sax ji wax Musaa, ne ko:

22 «Ñi askanoo ci Gerson itam, nanga leen waññ bopp ak bopp, na ñu bokke seen këri maam ak seeni làng.

23 Li dale ci góor ñi am fanweeri at, ba juróom fukki at ngay lim, ñuy mboolem ñi liggéeyu xaymab ndaje mi war.

24 Gersoneen ñi nag, lii moo di seen cér ci wàllu liggéey bi, ak li ñu wara gàddu:

25 ñooy gàddu kiiraayi jaamookaay bi, ak xaymab ndaje meek malaanam, ak malaanum deru piipi bi ci kaw, ak ridob bunt xaymab ndaje mi;

* **4.11** ***sarxalukaayu*** wurus mooy taabal bi ñuy taale cuuraay. Seetal ci *Mucc ga* 30.1-10.

26 ak sori ëtt bi, ak kiiraayal bunt ëtt bi
wër jaamookaay beek sarxalukaay bi, ak
seeni buum ak mboolem jumtukaay ya ñu
cay liggéeye. Mboolem lees cay def, ñoo
koy liggéey.
27 Mboolem sasu Gersoneen ñi ci
mboolem lu ñuy gàddu ak mboolem lu ñuy
liggéey, ci ndigalal Aaróona aki doomam
lay doon. Ñoo leen di sas mboolem lu ñu
wara gàddu.
28 Loolooy céru Gersoneen ñi, ci wàllu
xaymab ndaje mi, te loolu lañu leen dénk,
Itamar doomu Aaróona sarxalkat bi di
leen ca saytu.

29 «Ñi askanoo ci Merari itam, na ñu
bokke seeni làng ak seen këri maam,
noonu nga leen di lime,
30 dale ko ci ñi am fanweeri at, ba
juróom fukki at, ñuy mboolem ñi yelloo
bokk ci kuréel, gi liggéeyu xaymab ndaje
mi war.
31 Lii mooy li ñu sasoo gàddu ci seen
mboolem liggéey ci xaymab ndaje mi:
xànqi jaamookaay bi aki galanam aki
jënam aki tegoom;
32 muy jën yi wër ëtt bi, ak seeni tegu ak
seeni buum, mboolem seen jumtukaay yu
ñu cay liggéeye. Limalleen leen jumtukaay
yi ñu wara gàddu.
33 Loolooy céru Merareen ñi, ci wàllu
xaymab ndaje mi ci njiital sarxalkat bi
Itamar doomu Aaróona.»

## *Lim nañu Leween ñi liggéey war*

34 Ci kaw loolu Musaa ak Aaróona ak
kilifag mbooloo ma lim Keyateen ña, na ñu
bokke seeni làng ak seen këri maam.
35 Ñu dale ko ci ñi am fanweeri at, ba
juróom fukki at, ñuy mboolem ñi yelloo
bokk ci kuréel, gi liggéeyu xaymab ndaje
mi war.
36 Ña ñu limal seeni làng di ñaari junni ak
juróom ñaari téeméer ak juróom fukki góor
(2 750).
37 Ñooñu lañu limal làngi Keyateen ñi,
ñoom ñépp la liggéeyu xaymab ndaje mi
war. Musaa ak Aaróona ñoo leen limoon,
na ko Aji Sax ji santaanee, Musaa jottali.

38 Ña ñu limal Gersoneen ñi, na ñu bokke
seeni làng ak seen këri maam,
39 dale ko ci ñi am fanweeri at, ba
juróom fukki at, mboolem ña yelloo bokk
ci kuréel, gi liggéeyu xaymab ndaje mi war,
40 te ñu limal leen seeni làng ak seen këri
maam, ñaari junneek juróom benni
téeméer ak fanweeri góor lañu (2 630).
41 Ñooñu lañu limal làngi Gersoneen ñi,
te ñoom ñépp la liggéeyu xaymab ndaje mi
war. Musaa ak Aaróona ñoo leen limoon ci
ndigalal Aji Sax ji.
42 Ña ñu limal làngi Merareen ñi, na ñu
bokke seeni làng, ak seen këri maam,
43 dale ko ci ñi am fanweeri at, ba
juróom fukki at, mboolem ña yelloo bokk
ci kuréel, gi liggéeyu xaymab ndaje mi war,
44 te ñu limal leen seeni làng, ñetti junni
ak ñaari téeméeri góor (3 200) lañu.
45 Ñooñu lañu limal làngi Merareen ñi,
Musaa ak Aaróona ñoo leen limoon, na ko
Aji Sax ji santaanee, Musaa jottali.
46 Mboolem Leween ña Musaa ak
Aaróona, ak kilifay Israayil limoon, na ñu
bokke seeni làng, ak seen këri maam,
47 dale ko ci ñi am fanweeri at, ba
juróom fukki at, ñuy mboolem ña yelloo
bokk ci kuréel, gi liggéeyu xaymab ndaje
mi war,
48 seenub lim nekk na juróom ñetti junni
ak juróomi téeméer ak juróom ñett fukki
góor (8 580).
49 Ci ndigalal Aji Sax ji Musaa jottali,
lañu leen lim, ba sas ku ci nekk ab
liggéeyam ak la muy gàddu. Na ko Aji Sax ji
sante Musaa, na lañu leen lime.

# 5

## *Sàrtal nañu doxalin yiy setal dal bi*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
2 «Santal bànni Israayil ñu génne dal bi
képp ku ànd ak jàngoroy der juy law, mbaa
jàngoroy xelli, ak képp ku sobeb néew bu
mu laal, topp.
3 Muy góor, di jigéen, génneleen leen.
Bitib dal bi ngeen leen di génne. Buñu
sobeel dali bànni Israayil yi ma màkkaanoo
ci seen biir.»
4 Bànni Israayil def noonu, daldi leen
génne dal bi, dàq leen ca biti. Ni ko Aji Sax
ji waxe Musaa, noonu lañu ko defe.
5 Aji Sax ji waxati Musaa,

6 ne ko mu wax bànni Israayil, ne leen:
«Muy góor, di jigéen, bu tooñee moroomam,
ba fecci wormay Aji Sax ji, nit kooku tooñ
na.
7 Day tuub bàkkaaram, ba noppi fey dayo
ba mu ameel ka mu tooñ. Te juróomeelu
xaajam la cay teg, jox ko ko.
8 Bu ki ñu tooñ wuutee, te amul mbokk
mu koy jotaat, pey ga ñeel na Aji Sax ji,
sarxalkat bee koy jagoo, te bokkul ak
kuuyum njotlaay mi sarxalkat biy defale
ki tooñ njotlaayam.
9 Te itam bépp saraxu njébbal bu bokk ci
mboolem sarax yu sell yi bànni Israayil
indil sarxalkat bi, sarxalkat bee koy
moom.
10 Ku nekk ci sarxalkat yi, sa sarax yu
sell, yaa ko moom. Ku ci nekk, lu ñu la jox,
yaay boroom.»

### *Lu jëm ci jigéen ju moy*

11 Aji Sax ji waxati Musaa,
12 ne mu wax bànni Israayil, ne leen:
«Képp ku jabaram moy, fecci ko worma,
13 bu ñu àndee ak ndaw si, te moom miy
jëkkëram yégu ko; te ba ndaw say sobeel
boppam, fekkeesu ko fa ba di ko seede;
14 ndegam xelum fiiraangee dikkal waa
ji, ba mu fiire jabaram, te fekk jabar jaa
sobeel boppam ci njaaloo, mbaa muy
fiiraange gu dikkal waa ji rekk, mu fiire
jabaram, te fekk ndaw si sobeelul boppam
ci njaaloo;
15 na waa ji yóbbu jabaram ca sarxalkat
ba, te yóbbaleel ko saraxu ñetti kiloy
sunguful lors. Du ci sotti diw, du ci def
cuuraay, ndax saraxu pepp boobu saraxu
fiiraange la, saraxu toppukaay la bu ñuy
toppe ñaawtéef.
16 «Na sarxalkat bi indi ndaw si, taxawal
ko fi kanam Aji Sax ji.
17 Su ko defee sarxalkat bi day fab
ndabal xandeer, duy ko ndox mu sell mi
ñuy setloo, te na sàkk ci suufas
jaamookaay bi, def ko ci ndox mi.
18 Bu taxawloo ndaw si fi kanam Aji Sax
ji, na muri boppu ndaw si, te teg ciy
loxoom, saraxu pepp boobu di
toppukaayu ñaawtéef te di saraxu
fiiraange. Na fekk sarxalkat bi yore ciy
loxoom ndoxum wextan, miy alage.
19 Su ko defee sarxalkat bi waatloo
ndaw si, ne ko: “Ndegam góor àndul ak
yaw, moyuloo, sobeel sa bopp te fekk la ci
buum, muccal ci loraangey ndoxum
wextan mii, di alage.
20 Waaye su dee yaa moy te fekk la ci sa
buumu jëkkër, su dee yaa sobeel sa bopp
ak geneen góor gu ànd ak yaw te du sa
jëkkër nag...”
21 Fii la sarxalkat biy waatloo ndaw si
waatu alkànde gi, wax ko ne ko: “...yal na
la Aji Sax ji def ku alku ku ñuy móoloo ci sa
biir askan. Yal na laxal sa njurukaay, wal
sab koll.
22 Yal na ndoxum alkànde mii tàbbi ci say
butit, laxal sa njurukaay, wal sab koll.” Su
ko defee ndaw si ne: “Amiin, Amiin.”

23 «Na sarxalkat bi bind kàdduy alkànde
yooyu ci téere bu ñu taxañ, te na raxas
mbind mi ci ndoxum wextan mi.
24 Sarxalkat bi day naanloo ndaw si
ndoxum wextan, miy alage, ndox miy
alage tàbbi ci biiram, man koo wex xàtt.
25 Waaye na njëkka nangoo ci loxol
ndaw si, peppum saraxu fiiraange bi,
daldi yékkati saraxas pepp mi, jébbale ko fi
kanam Aji Sax ji, doora indi sarax bi ci
sarxalukaay bi.
26 Na sarxalkat bi sàkk ci saraxu pepp bi,
ab ŋëb buy fàttalee, daldi koy lakk ci kaw
sarxalukaay bi. Gannaaw loolu mu
naanloo ndaw si ndox mi.

27 «Bu ko xasee naanloo ndox mi,
ndegam ndaw see sobeel boppam, wor
jëkkëram, ndoxum alkànde mi day tàbbi ci
biiram, jural ko wextan, koll bi newi,
njurukaayam lax, mu mujj doon ku ñuy
móoloo ci biir askanam.
28 Waaye su ndaw si sobeelul boppam,
xanaa di ku set, dina mucc, te dina mana
am doom.

29 «Looloy dogalu yoon ci mbirum
fiiraange, bu jigéen moyee, sobeel boppam
te fekk buum ci baatam,
30 mbaa jëkkër ju xelum fiiraange
dikkal, mu fiire jabaram. Jabar ji lay
taxawloo fi kanam Aji Sax ji, sarxalkat bi
defal ko mboolem dogalu yoon boobu.
31 Deesul topp jëkkër ji genn tooñ, waaye
jabar jeey gàddu ñaawtéefu boppam.»

# 6

## *Lii moo war ku séddoo Aji Sax ji*

1 Aji Sax ji waxati Musaa,
2 ne ko mu wax bànni Israayil ne leen:
«Góor ak jigéen, képp ku ci dogu ba xas ngir
nekk ab Nasireen*, ngir sédd boppam Aji
Sax ji,
3 muy biiñ, di ñoll wu mu mana doon, na
moytu di ko jëfandikoo. Bineegaru biiñ ak
bineegaru ñoll wu mu mana doon it, du ko
naan. Mboolem luy ndoxum reseñ, du ko
naan, te reseñ ju tooy ak ju wow it, du ko
lekk.
4 Mboolem diiru fani céddoom, mboolem
lu jóge ci doomu garabu reseñ, dale ci
xoox ba ci der, du ci lekk lenn.
5 «Kemu fani céddoo yi mu xas ne dina ko
nasireenal, saatus watukaay du laal
boppam ba keroog fani nasireenal, yi mu
séddoo Aji Sax ji matee. Ku sell lay doon te
day jañu.
6 Kemu fan yi muy nasireenal, séddoo
Aji Sax ji, ab néew, bumu ko jege.
7 Baayam ak ndeyam, mbaa góor mbaa
jigéen ju mu bokkal waajur sax, bu
deewee, du sobeel boppam ngir ñoom,
ndax moo yenu ci kaw boppam, njañu
nasireen gi mu séddoo Yàllaam.
8 Kemu fani céddoom, ku sell lay doon,
ñeel Aji Sax ji.
9 «Su nit jekkee dee ci wetam, ba sobeel
njañu céddoom, keroog bés buy setlu ca lay
watu, te keroog bésub juróom ñaareel ba lay
watu.
10 Bés ba ca topp, di juróom ñetteel ba, na
yóbbu ca sarxalkat ba, ñaari pitax mbaa
ñaari xati yu ndaw, ca bunt xaymab ndaje
ma.
11 Sarxalkat bi day def menn mi saraxu
póotum bàkkaar, mi ci des saraxu
rendi-dóomal, mu jote ko boroom céddoo
gi, bàkkaaram ba ko néew ba yóbbe. Bésub
keroog lay sellalaat boppam ba yenu
woon njañam.
12 Day yeesalal Aji Sax ji nasireenam ga
mu ko séddoo woon, kemu fan ya mu
xasoona nasireenal. Su ko defee day indi
kuuyu menn at, def ko saraxas peyug
tooñ. Fan yi mu njëkkoona nasireenal day
neen, ndax nasireen googa moo sobewu.
13 «Dogalu yoon wi ci ab nasireen nag
mooy lii: Bés bi ag céddoom matee, dees
koy yóbbu ca bunt xaymab ndaje ma.
14 Sarax si muy sarxalsi Aji Sax ji di
menn kuuyu menn at mu amul sikk, ngir
rendi-dóomal, ak menn xarum menn at
mu jigéen mu amul sikk, ngir póotum
bàkkaar, ak menn kuuy mu mag mu amul
sikk, ngir saraxas cant ci biir jàmm,
15 ak pañeb mburu yu amul lawiir, yu ñu
lakke sunguf su mucc ayib su ñu xiiwaale
ag diw, ak mburu yu sew yu amul lawiir
yu ñu wis ag diw, ak saraxi pepp ak saraxi
tuuru ya muy àndal.
16 «Su ko defee sarxalkat bi boole ko indi
fi kanam Aji Sax ji, daldi joxe póotum
bàkkaar bi, ak rendi-dóomal bi.
17 Kuuy mi, na ko sarxalkat bi def
saraxas cant ci biir jàmm, ñeel Aji Sax ji,
boole kook pañeb mburu mi amul lawiir,
doora joxe saraxi pepp yeek saraxi tuuru
yi.
18 Su ko defee nasireen bi watu ci bunt
xaymab ndaje mi te for kawari céddoom
googu, def ko ci taal bi ci suufu saraxas
cantu biir jàmm bi.
19 «Na sarxalkat bi jël tànku kanamu
kuuy mi, gannaaw bu ñoree, te sàkk ci
pañe bi menn mburu mu amul lawiir, ak
menn mburu mu ndaw, daldi boole loola
teg ci loxol nasireen bi, gannaaw bu
watoo ba noppi.
20 «Na sarxalkat bi jébbale loola, defal ko
Aji Sax ji saraxu yékkati-jébbal. Cér yu sell a
ngoogu ñeel sarxalkat bi, mu boole kook
dënn biy saraxu yékkati-jébbal, ak tànkub
kanam bi ñu jébbale. Gannaaw loolu
nasireen bi sañ naa naan biiñ.
21 «Loolooy wartéef ci ab nasireen bu xas.
Loolooy saraxam bi mu warlook Aji Sax ji
cig céddoom, te bokkewul ak leneen lu mu
ci àttan; waaye kàdduy xas wa mu xasoon
daal, na sàmmonteek moom ni ko yoon
diglee ci céddoom googu.»

## *Gii ñaan moo war ci askan wi*

22 Gannaaw loolu Aji Sax ji waxati
Musaa, ne:

* **6.2** ***Nasireen:*** baat bii jotewul dara ak nasaraan, tur wi ñuy woowe waa sowub jant.

23 «Waxal Aaróona aki doomam ne leen
ni ñuy ñaanale bànni Israayil, nii la; nañu
leen wax ne leen:
24 «“Yal na la Aji Sax ji barkeel, sàmm la.
25 «“Yal na la Aji Sax ji geesoo leeram,
baaxe la.
26 «“Yal na la Aji Sax ji siggil, jàmmal la.”
27 Bu ñu tuddalee noonu bànni Israayil
sama tur, man, maa leen di barkeel.»

# 7

*Daloob jaamookaay bi laaj nay sarax*

1 Keroog ba Musaa sampee jaamookaay
bi ba noppi, diw na ko ngir sellal ko, mook
mboolem ay jumtukaayam, sarxalukaay
beek mboolem ndabam it, mu boole diw,
sellale ko.
2 Ba loolu amee kilifay Israayil yi jiite
seeni kër maam dikk. Ñooñoo doon njiiti
giir yi te ñoo doon saytu limeefu nit ñi.
3 Ñu indil Aji Sax ji seen sarax, muy
juróom benni watiir ak fukki nag ak ñaar;
ñaari kilifa yu nekk, benn watiir; kilifa gu
nekk, wenn nag, ñu yóbbu lépp fa kanam
jaamookaay ba.
4 Aji Sax ji wax Musaa,
5 ne ko: «Nangul lii, mu jëm ci liggéeyu
xaymab ndaje mi, te nga jox ko Leween ñi,
ku ci nekk ak li liggéeyam laaj.»
6 Musaa nangu watiir yaak nag ya, jox
Leween ñi.
7 Yii ñaari watiir ak ñeenti nag, mu jox
Gersoneen ña, na ko seen liggéey laaje,
8 yee ñeent, mu booleek juróom ñetti nag,
jox Merareen ña, na ko seen liggéey laaje,
ci njiital sarxalkat ba Itamar doomu
Aaróona.
9 Keyateen ña nag, joxu leen, ndax yu
sell ya lañu sasoo woona gàddu.
10 Ci biir loolu kilifa yi indi itam saraxu
daloob sarxalukaay bi, keroog bés ba ñu
koy diw. Ñu daldi joxe seeni sarax fi
kanam sarxalukaay bi.
11 Teewul Aji Sax ji wax Musaa, ne ko:
«Kilifa yiy joxesi seen sarax, yi jëm ci
daloob sarxalukaay bi, nañu ko def bés bu
nekk, kenn.»
12 Ki joxe saraxam ci bés bu njëkk bi, ñeel
giirug Yuda, mooy Naason doomu
Aminadab.
13 Ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp bi,
14 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
15 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
16 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
17 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Naason doomu Aminadab.
18 Bésub ñaareel ba, kilifag Isakareen ña,
Netaneel doomu Cuwar moo indi
saraxam,
19 sarax ba mu indi di benn ndabu
xaalis bu diise téeméeri siikal ak fanweer,
di kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu
diise juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi
ñu yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom
ñetti téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak
sunguf su mucc ayib su ñu xiiwaale ag
diw, ngir saraxu pepp,
20 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
21 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
22 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
23 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Netaneel doomu Cuwar.
24 Bésub ñetteel ba, kilifag Cabuloneen
ña, Elyab doomu Elon moo aye,
25 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, di juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf

su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
26 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, muy téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
27 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
28 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
29 ak saraxas cant ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Elyab doomu Elon.
30 Bésub ñeenteel ba kilifag Rubeneen ña,
Elicur doomu Sedeyur moo aye,
31 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, di kilook
liibar, ak benn këllu xaalis bu diise juróom
ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu yoonal ci
néeg bu sell bi, di juróom ñetti téeméeri
garaam, lu ci nekk fees ak sunguf su mucc
ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir saraxu
pepp,
32 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, muy téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
33 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
34 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
35 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Elicur doomu Sedeyur.
36 Bésub juróomeel ba kilifag Cimyoneen
ña, Selumyel doomu Curisadaay moo aye,
37 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, di kilook
liibar, ak benn këllu xaalis bu diise juróom
ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu yoonal ci
néeg bu sell bi, muy juróom ñetti téeméeri
garaam, lu ci nekk fees ak sunguf su mucc
ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir saraxu
pepp,
38 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, muy téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
39 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
40 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
41 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Selumyel doomu Curisadaay.
42 Bésub juróom benneel ba kilifag
Gàddeen ña, Elyasaf doomu Dewel moo
aye,
43 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
44 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, muy téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
45 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
46 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
47 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Elyasaf doomu Dewel.
48 Bésub juróom ñaareel ba kilifag
Efraymeen ña, Elisama doomu Amiyudd
moo aye,
49 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
50 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, muy téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
51 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
52 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
53 ak saraxas cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Elisama doomu Amiyudd.

54 Bésub juróom ñetteel ba kilifag
Manaseen ña, Gamliyel doomu Pedacur
moo aye,
55 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
56 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
57 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
58 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
59 ak saraxu cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Gamliyel doomu Pedacur.
60 Bésub juróom ñeenteel ba kilifag
Beñamineen ña, Abidan doomu Gidoni moo
aye,
61 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
62 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
63 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
64 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
65 ak saraxu cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Abidan doomu Gidoni.
66 Bésub fukkeel ba kilifag Daneen ña,
Axyeser doomu Amisadaay moo aye,
67 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
68 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
69 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
70 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
71 ak saraxu cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Axyeser doomu Amisadaay.
72 Bésub fukkeel baak benn, kilifag
Asereen ña, Pagyel doomu Okkran moo
aye,
73 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
74 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,
75 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
76 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
77 ak saraxu cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Pagyel doomu Okkran.
78 Bésub fukkeel baak ñaar kilifag
Neftaleen ña, Axira doomu Enan moo aye,
79 ab saraxam di benn ndabu xaalis bu
diise téeméeri siikal ak fanweer, muy
kilook liibar, ak benn këllu xaalis bu diise
juróom ñaar fukki siikal, ci siikal bi ñu
yoonal ci néeg bu sell bi, muy juróom ñetti
téeméeri garaam, lu ci nekk fees ak sunguf
su mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ngir
saraxu pepp,
80 ak senn mbàttus wurus su fees ak
cuuraay te diise fukki siikal, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom,

81 ak wenn yëkk wu ndaw, ak menn
kuuy mu mag, ak menn kuuyu menn at,
ngir saraxu rendi-dóomal,
82 ak wenn sikket ngir saraxu póotum
bàkkaar,
83 ak saraxu cant gi ci biir jàmm, di ñaari
yëkk ak juróomi kuuy yu mag ak juróomi
sikket, ak juróomi kuuyu menn at. Looloo
doon saraxu Axira doomu Enan.
84 Loolooy saraxi daloob sarxalukaay
ba, ca bés ba ñu koy diw, sellal ko, lépp
bawoo ca kilifay Israayil. Ndabi xaalis ya
fukk laak ñaar, këlli xaalis ya di fukk ak
ñaar, bàttuy wurus ya di fukk ak ñaar,
85 ndabal xaalis lu nekk di téeméeri
siikal ak fanweer, di kilook liibar, këll bu
nekk di juróom ñaar fukki siikal, di juróom
ñetti téeméeri garaam, mboolem xaalisu
jumtukaay yi di ñaari junniy siikal, ci
siikal bi ñu yoonal ci néeg bu sell bi, ak
ñeenti téeméer (2 400), di ñaar fukki kilook
juróom ñaar ak juróom benni téeméeri
garaam (27 600).
86 Fukki bàttuy wurus yi feese cuuraay,
mbàttu su ci nekk fukki siikal la, ci siikal
bi ñu yoonal ci néeg bu sell bi, di téeméeri
garaam ak fukk ak juróom (115), mboolem
wurusu bàttu yi di téeméeri siikal ak ñaar
fukk (120), muy kilo ak ñetti téeméeri
garaam ak juróom ñett fukk (1 380).
87 Mboolem nagi saraxu rendi-dóomal
yi, fukki yëkk yu ndaw ak ñaar la, kuuy yu
mag yi di fukk ak ñaar, kuuyi menn at yi di
fukk ak ñaar, ànd ak seen saraxi pepp,
sikketi saraxu póotum bàkkaar bi di fukk ak
ñaar.
88 Mboolem nagi saraxu cantu biir jàmm
yi, ñaar fukki yëkk yu ndaw ak ñeent la,
kuuy yu mag yi di juróom benn fukk,
sikket yi di juróom benn fukk, kuuyi menn
at yi di juróom benn fukk. Loolooy saraxi
daloob sarxalukaay ba, gannaaw ba ñu ko
diwee, sellal ko.
89 Bu Musaa duggaan ca biir xaymab
ndaje ma, ngir wax ak Aji Sax ji, day dégg
baat ba di wax ak moom, bawoo fa tiim
kubeeru gaalu seedes kóllëre ga, ca
diggante ñaari serub ya. Noonu la daan
waxeek moom.

# 8

*Lu jëm ci teginu làmp ya*
1 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko,
2 mu wax Aaróona, ne ko: «Buy teg làmp
yi, fa féete tegukaayu làmp ba kanam, fa la
juróom ñaari làmp ya wara niite.»
3 Noonu la Aaróona def. Fa féete
tegukaay ba kanam, fa la féetale ay
làmpam, muy la Aji Sax ji santoon Musaa.
4 Tegukaayu làmp bi nag, ni ñu ko
liggéeye nii la. Wurus lañu ko tëgge ba mu
jekk, dale ko ci tànk bi, ba ci mbar mi.
Noonee ko Aji Sax ji wone woon Musaa,
na lañu liggéeye tegukaayu làmp ba.

*Lu jëm ci cetlug Leween ñi*
5 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko,
6 «Nanga jële Leween ñi ci biir bànni
Israayil te nga setluloo leen.
7 Ni ngay def ngir setluloo leen nii la:
Danga leen di wis ndoxum setlu, ba noppi
ñu wat seen yaram wépp, fóot seeni yére,
daldi set.
8 Su ko defee ñu jël aw yëkk wu ndaw,
booleek saraxu peppam, di sunguf su
mucc ayib su ñu xiiwaale ag diw, ak
weneen yëkk wu ndaw wooy jël ngir
saraxu póotum bàkkaar.
9 Indil Leween ñi ci kanam xaymab
ndaje mi, te nga dajale mbooloom bànni
Israayil mépp.
10 Boo indee Leween ñi fi kanam Aji Sax
ji, bànni Israayil daldi teg seeni loxo ci kaw
Leween ñi.
11 Su ko defee Aaróona taxawal Leween
ñi taxawaayu saraxu yékkati-jébbal fi
kanam Aji Sax ji, muy sarax bu bawoo ci
bànni Israayil, Leween ñi daldi sasoo di
liggéey liggéeyu Aji Sax ji.
12 Leween ñi ñoom, nañu teg seeni loxo
ci kaw boppi yëkk yi, ñu def wenn wi
saraxu póotum bàkkaar, te def wi ci des ab
rendi-dóomal, ñeel Aji Sax ji, ngir
njotlaayal Leween ñi.
13 Gannaaw loolu ngay taxawal Leween
ñi fi kanam Aaróona ak doomam yu góor,
daldi leen def saraxu yékkati-jébbal, ñeel
Aji Sax ji.
14 Noonu ngay seppee Leween ñi ci biir
bànni Israayil, Leween ñi doon sama cér.
15 Gannaaw loolu la Leween ñiy doora
dugg ci liggéeyu xaymab ndaje mi. Danga

leen di njëkka setluloo, ba noppi def leen
saraxu yékkati-jébbal.
16 Ñoom déy lañu ma sédd ba mu mat
sëkk ci biir bànni Israayil, ñu wuutu
mboolem luy ubbiteg njur, di taawi
mboolem bànni Israayil. Maa leen sédd
sama bopp.
17 Ndax man maa séddoo mboolem taaw
ci biir bànni Israayil, nit ak mala. Keroog
ba ma reyee mboolem taaw ca réewum
Misra, ca laa leen sellalal sama bopp.
18 «Maa jël Leween ñi, weccikoo leen
bépp taaw ci biir bànni Israayil,
19 te itam maa jukkee Leween ñi ci bànni
Israayil, maa leen yékkati, jox leen Aaróona
aki doomam, ngir ñu liggéey liggéeyu bànni
Israayil ci wàllu xaymab ndaje mi, di defal
bànni Israayil seenug njotlaay, ngir bu
bànni Israayil jegee béreb bu sell bi it, du
tax menn mbas am ci seen biir.»
20 Ba loolu amee Musaa ak Aaróona ak
mbooloom bànni Israayil mépp daldi defal
Leween ñi noonu. Mboolem lu Aji Sax ji
santoon Musaa ci Leween ñi, noona la ko
bànni Israayil defe ak ñoom.
21 Leween ñi setlu, fóot seeni yére,
Aaróona def leen ni saraxu yékkati-jébbal,
ñeel Aji Sax ji. Mu defal leen nag seen
njotlaay ngir setal leen.
22 Gannaaw loolu Leween ñi doora
liggéeyi seen liggéey ci wàllu xaymab ndaje
mi, ci kilifteefu Aaróona aki doomam.
Noonee ko Aji Sax ji sante woon Musaa ci
Leween ñi, na lañu def ak ñoom.
23 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
24 «Lii nag moo war ci Leween ñi: Ku ci
am ñaar fukki at ak juróom, jëm kaw,
yelloo naa bokk ci kuréel gi liggéeyu
xaymab ndaje mi war.
25 Waaye ku xasa am juróom fukki at, na
génn kuréel gi boobu liggéey war, te bumu
ca liggéeyati.
26 Sañ naa jàppale bokki Leweenam ñi
sàmm ndénkaaneb xaymab ndaje mi,
waaye dootu ci liggéey lenn. Noonu ngay
def ak Leween ñi, ci seen wàllu
ndénkaane.»

# 9

*Lu jëm ci màggalu bésub Mucc*

1 Aji Sax ji wax na Musaa ca màndiŋu
Sinayi, ca seen atum ñaareel, gannaaw ba
ñu génnee réewum Misra ca weer wa njëkk.
Mu ne ko:
2 «Na bànni Israayil di màggal bésub Mucc
ba, saa yu jotee.
3 «Fukki fan ak ñeent ci weer wii,
diggante ngoon ak jant bu so, ci ngeen koy
màggal, saa yu jotee. Na mu dëppook
mboolem dogali yoonam ak àttey yoonam,
nangeen ko màggale noonu.»
4 Musaa nag sant bànni Israayil ne leen
ñu màggal bésub Mucc bi.
5 Ñu daldi màggal bésub Mucc bi ci weer
wi njëkk, fukki fanam ak ñeent, diggante
ngoon ak jant bu so, ca màndiŋu Sinayi.
Noonee ko Aji Sax ji sante woon Musaa,
na la ko bànni Israayil defe.
6 Ci biir loolu mu am ay nit ñu ab néew
tax ñu sobewu, ba manuñoo màggal bésub
Mucc bi bésub keroog. Ñu dikk ba ci Musaa
ak Aaróona ca bés ba.
7 Ñooñu nag ne Musaa: «Nun de, danoo
sobewu ndax ab néew, waaye lu nu teree
joxesi saraxu Aji Sax ji ci waxtoom, ci digg
bànni Israayil?»
8 Musaa ne leen: «Taxawleen, ba ma dégg
lu Aji Sax ji di santaane ci seen mbir.»
9 Aji Sax ji ne Musaa:
10 «Waxal bànni Israayil ne leen, képp ku
bokk ci yeen tey, mbaa mu bokk ci seen
kuutaay ëllëg, su sobewoo ndax ab néew,
mbaa mu nekk ci yoon wu sore, du tere
mu màggal bésub Mucc bi ngir Aji Sax ji.
11 Waaye ñaareelu weer wa, ca fukki
fanam ak ñeent, diggante ngoon ak jant bu
so, ca la koy màggal. Mburu mu amul
lawiir ak xob yu wex lay booleek gàttu
sarax bi, lekk ko.
12 Bumu ci wacc dara mu fanaan, te
benn yax, bumu ko ci damm. Na mu
dëppook mboolem dogali yooni bésub
Mucc, na ko màggale noonu.
13 Ku set nag te nekkul ciw yoon, su
ñàkkee màggal bésub Mucc bi, kooku dees
koy dagge ciw askanam, ndax saraxu Aji
Sax ji mu joxewul ci bésam. Kooku moo
gàddu bàkkaaru boppam.
14 «Su dee ab doxandéem bu ngeen
dëkkal, sañ naa màggal bésub Mucc bi ñeel

Aji Sax ji. Na mu dëppook mboolem dogali yooni bésub Mucc, ak àttey yoonam, ni la koy màggale; benn dogal bi lay doon ci yeen, muy doxandéem bi, di njuddu-ji-réew.»

*Aji Sax ji yiir na xaymab ndaje ma*

15 Keroog bés ba ñu sampee màkkaan ma, niir wa daa muur màkkaanu xayma ba seedes kóllëre gi dence. Ca ngoon sa lu mel ni sawara tiim màkkaan ma, ba ca ëllëg sa.
16 Noonu la ko niir wa jàppoo muure, bu guddee mu mel ni sawara.
17 Fu niir wa masa yékkatikoo fa tiim xayma ba, bànni Israayil day fabu topp ko, te fépp fu niir wa masa dale, fa la bànni Israayil di fàkk ab dal.
18 Ci kàddug Aji Sax ji la bànni Israayil daan faboo, ci kàddug Aji Sax ji lañu daan dale, te mboolem fan ya niir way dal, tiim màkkaan ma, ñoom it dañuy dal.
19 Su niir wa yàggee ca kaw màkkaan ma it, ak lu fan ya baree bare, bànni Israayil a ngay sàmm ndénkaaneb Aji Sax ji, waaye duñu dem.
20 Léeg-léegaa fan yu néew la niir way dallu fa tiim màkkaan ma. Waaye ci kàddug Aji Sax ji daal, lañuy dale te ci kàddug Aji Sax ji lañuy faboo.
21 Léeg-léegaa it niir wa dallu ag ngoon, fanaan, ba bët set, mu sàqi, ñu fabu ànd ak moom. Muy guddi, di bëccëg, bu niir wa jógaa, rekk, ñu fabu.
22 Su doon ñaari fan, su doon weer, mbaa ay fani fan la niir wa taxaw tiim màkkaan ma, des fa it, bànni Israayil dañuy dal, waaye duñu dem. Bu jógee rekk lañuy fabu.
23 Ci kàddug Aji Sax ji lañu daa dale, ci kàddug Aji Sax ji lañu daa faboo. Ndénkaaneb Aji Sax ji daal lañuy sàmm, ci kàddug Aji Sax ji, Musaa di jottali.

# 10

*Lu jëm ci liit ya ñu tëgge xaalis*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
2 «Sàkklul ñaari liiti xaalis. Lu ñu tëgglu ba mu jekk nga koy def. Liit yi ngay wootee am ndaje, di ko yékkatee dal yi.
3 Bu ñu liitee ñaar yépp, mbooloo mépp ay dajesi fi yaw, ci bunt xaymab ndaje mi.
4 Bu ñu liitee benn nag, kilifa yi jiite gàngoori Israayil ñooy dajesi fi yaw.
5 Su ñu liitee menn riirum liit mu xumb, dal yi dale penku ñooy fabu.
6 Su ñu liitee riirum liit mu xumb, ñaareel bi yoon, dal yi dale bëj-saalum ñooy fabu. Riirum liit mu xumb mooy tegtale seeni fabu.
7 Bu dee wooteb ndaje nag, dees koy liit waaye du doon riir mu xumb.
8 Na doomi Aaróona sarxalkat yi di wal liit yi, te mu doon dogal bu leen saxal dàkk, ci seen maasoo maas.
9 «Bu loolu wéyee, bu ngeen dee xare ci seenum réew, ak noon bu leen songsi, nangeen riiral liit yi riir mu xumb, su boobaa dees na leen bàyyi xel fa seen kanam Yàlla Aji Sax ji, ba wallu leen ak seeni noon.
10 Seen bési mbég itam, muy seen bési màggal, di seen ndoortel weer, nangeen ciy riiral liit yi riir mu xumb, yéenee ko seen saraxi rendi-dóomal, ak seen saraxi cant ci biir jàmm. Riirum liit yooyu mooy doon seen baaxantal fa seen kanam Yàlla. Maay seen Yàlla, Aji Sax ji.»

*Bànni Israayil sàqee nañu tundu Sinayi*

11 Ca ñaareelu at ma, gannaaw ba bànni Israayil génnee Misra, ca ñaareelu weer wa, keroog ñaar fukkeelu fanam, ca la niir wa bàyyikoo fa tiim màkkaanu seedes kóllëre ga.
12 Bànni Israayil daldi sumb seen yooni tukki ya, bàyyikoo màndiŋu Sinayi. Ci kaw loolu niir wa daleji ca màndiŋu Paran.
13 Booba lañu njëkka fabu ci kàddug Aji Sax ji, Musaa jottali.
14 Raayab dalu Yudeen ña moo njëkka jóg, ànd aki gàngooram, njiital gàngooru Yuda di Naason doomu Aminadab,
15 njiital gàngooru Isakareen ña di Netaneel doomu Cuwar,
16 njiital gàngooru Cabuloneen ña di Elyab doomu Elon.
17 Ci biir loolu ñu wékki jaamookaay ba, Gersoneen ñaak Merareen ñay gàddu jaamookaay ba daldi dem.
18 Raayab dalu Rubeneen ña jóg ànd aki gàngooram, topp ca, njiital gàngooru Rubeneen ña di Elicur doomu Sedeyur,

19 njiital gàngooru Cimyoneen ña di
Selumyel doomu Curisadaay,
20 njiital gàngooru Gàddeen ña di Elyasaf
doomu Dewel.
21 Gannaaw loolu Keyateen ñay gàddu
yëf yu sell ya, ñoo fabu, topp ca. Bala ñoo
àgg fa ñuy dalewaat nag, day fekk
jaamookaay ba sampewaat.
22 Ci kaw loolu raayab dalu Efraymeen
ña jóg, ànd ak seeni gàngoor, topp ca, njiital
gàngooru Efraymeen ña di Elisama doomu
Amiyudd,
23 njiital gàngooru Manaseen ña di
Gamliyel doomu Pedacur,
24 njiital gàngooru Beñamineen ña di
Abidan doomu Gidoni.
25 Ba mu ko defee raayab dalu Daneen
ña doora jóg, topp ca gannaaw kuréel
yépp, ànd aki gàngooram, njiital gàngooru
Daneen ña di Axyeser doomu Amisadaay,
26 njiital gàngooru Asereen ña di Pagyel
doomu Okkran,
27 njiital gàngooru Neftaleen ña di Axira
doomu Enan.
28 Noonu la bànni Israayil topplantee,
ànd ak seeni gàngoor, tegu ca yoon wa.

*Bànni Israayil jóge nañu Sinayi*

29 Ba loolu amee Musaa wax ak Obab
doomu Ruwel waa Majan ba, baayu
soxnaam, ne ko: «Nu ngi nii jëm fa nu Aji
Sax ji wax ne moom lanuy jox. Kaay nu
ànd, dem, nu baaxe la, ndax Aji Sax ji moo
digee baaxe Israayil.»
30 Mu ne ko: «Déedéet, duma dem,
samam réew kay laa jëm, ca saay bokk.»
31 Mu ne ko: «Bu nu wacc kay, ndax
gannaaw yaa xam fu nu wara dal ci
màndiŋ mi, yaa nu wara jiite.
32 Soo àndeek nun déy, xéewal googa nu
Aji Sax jiy baaxeji, dinanu la ci baaxe.»
33 Ci kaw loolu ñu bàyyikoo ca tundu Aji
Sax ja, doxe fa doxub ñetti fan. Gaalu
kóllërey Aji Sax jaa nga leen jiitu diiru ñetti
fan ña, di leen wutal dalluwaay.
34 Niiru Aji Sax ji nag di leen yiir bëccëg
bu nekk, saa yu ñu bàyyikoo ab dal.
35 Bu gaal ga jógaan, Musaa da naan:
«Jógaloo, Aji Sax ji, say noon fëlxoo,
say bañ daw la.»
36 Bu gaal ga dalee, Musaa ne:
«Dikkaloo Aji Sax ji boroom ndiiraani
junniy Israayil.»

# 11

*Bànni Israayil ñaxtu nañu*

1 Mbooloo ma nag mujj di tawat ab
coono fi kanam Aji Sax ji. Aji Sax ji dégg ci,
am sànjam tàkk, sawaras Aji Sax ji tàkkal
leen, ba xoyom la wër dal ba.
2 Mbooloo ma jooy ko Musaa, Musaa
tinu Aji Sax ji, sawara wa fey.
3 Ñu tudde béreb boobu Tabera (mu
neexook Tàkkaan), ndax sawaras Aji Sax ji
leen fa tàkkal.
4 Ci biir loolu genn gàngooru njaxasaan
mu nekkoon ca seen biir jiital seen
bakkan, di ŋaf-ŋafi, ba tax bànni Israayil
itam dellu di jàmbat. Ña nga naan: «Éy ku
nuy leelatiw yàpp!
5 Namm nan jën ya nu daa ndawaloo ca
Misra, te dikkewu nu tus! Ak yomb jaak
xaal jaak pooro baak soble saak laaj ja!
6 Tey jii sunu put yaa ngi wow koŋŋ,
gisunu lenn lu moy mànn!»
7 Mànn ma nag daa meloon ni pepp mi
ñuy wax koryanda, te nirook ndàbbu
garab gi ñuy wax bedelyum.
8 Mbooloo ma da daan wër, di ko for, di
ko wole doji wolukaay, mbaa ñu di ko
dëbb ciy gënn, ba noppi baxal ko ci cin, def
ko ay mburu yu cafkaam mel ni cafkay
nàkk yu am niw.
9 Bu layaa ca dal ba ag guddi, mànn ma
day wàccaale ak moom.
10 Ci biir loolu Musaa dégg mbooloo miy
ñaxtu, làng ak làng, ku nekk ci sa bunt
xayma. Ba loolu amee sànjum Aji Sax ji
tàkk jippét, Musaa nag ñaawlu ko.
11 Ba mu ko defee Musaa ne Aji Sax ji:
«Aji Sax ji, loo may mititale, Sang bi? Lu
tee nga baaxe ma, xanaa ngay teg sëfub
mii mbooloo mépp ci sama kaw?
12 Xanaa maa ëmb mii mbooloo mépp,
am maa leen jur, ba nga di ma leen
bootloo fàpp, ni jaboot di boote luy nàmp,
jëme leen réew ma nga giñaloon seeni
maam?
13 Ana fu may jële yàpp wu ma jox mii
mbooloo mépp, ba ñuy jooy nii ci sama
kaw, naa ma: “Jox nu yàpp wu nu lekk”?

14 Manumaa boot mii mbooloo mépp,
man doŋŋ, ndax àttanuma ko.
15 Su dee nii ngay def ak man nag,
dimbali ma rekk, rey ma ba ma dee, ndax
ma baña gis sama toskare.»

### *Aji Sax ji dig na Musaa ñu ko jàppale*

16 Ba mu ko defee Aji Sax ji wax Musaa,
ne ko: «Dajaleel ma juróom ñaar fukki magi
Israayil, ñoo xamal sa bopp ne ñooy magi
mbooloo mi, di seeni njiit, nga indi leen ci
xaymab ndaje mi, ñu teew faak yaw.
17 Maay wàcc wax ak yaw foofa te maay
sàkk ci leer gi ci yaw, def ko ci ñoom, ñu
yenule la yenu mbooloo mi, ba dootuloo
ko yenu yaw doŋŋ.
18 «Mbooloo mi nag, ne leen ñu sangu-set
ngir ëllëg, te ne leen dinañu yàpp moos,
gannaaw ñooy jooy ci kaw Aji Sax ji, naan
“Éy ku nuy leelatiw yàpp, nooka neexle
woon ca Misra!” Kon nag Aji Sax jee leen
di jox yàpp wu ñu lekk.
19 Du benn fan lañuy yàpp, du ñaar, du
juróomi fan, du fukk, te du ñaar fukki fan.
20 Weeru lëmm kay lañuy yàpp, ba yàpp
wiy génne ci seen paxi bakkan, ba mujj
génnliku leen, gannaaw ñoo xarab Aji Sax
ji ci seen biir, di jooy ci kawam, naan:
“Moo, lu nu taxoona jóge Misra!”»
21 Ci kaw loolu Musaa ne: «Ãa! Juróom
benni téeméeri junniy (600 000) góor a ngi
ci mbooloo mii ma ne ci seen biir. Yaw
nga ne aw yàpp nga leen di jox, ñu yàpp
weeru lëmm!
22 Diggante jur gu gudd ak gu gàtt,
manees na leen cee rendil lu leen doy a?
Am mboolem jëni géej lees leen di dajaleel,
mu doy leen?»
23 Aji Sax ji ne Musaa: «Loxol Aji Sax ji da
koo jotewul? Léegi nag dinga gis ndax
sama kàddu dina la sottil, am déet!»

### *Yàlla sédd na mag ña ag leeram*

24 Ci kaw loolu Musaa génn, jottali
mbooloo ma kàdduy Aji Sax ji, daldi dajale
juróom ñaar fukki góor ñu bokk ca magi
mbooloo ma, taxawal leen, ñu wër xayma
ba.
25 Aji Sax ji nag wàcc ca biir niir wa, wax
ak moom, daldi sàkk ca leer ga ca Musaa,
sédd ca juróom ñaar fukki mag ña. Naka la
leer ga dal ca seen kaw, ñu tàmbali di
jottali ay kàdduy waxyu, benn yoon bu ñu
tóllantiwul.
26 Fekk na ñaari góor a nga desoon ca dal
ba, kenn ka di Eldàdd, ka ca des di Medàdd,
te teewul leer ga dal ca seen kaw, ndax
dees leena limaale woon ca mag ña,
doonte demuñu ca xayma ba. Ñoom it ñuy
jottali ay kàdduy waxyu ca dal ba.
27 Ab xale dawe ca, àgge ko Musaa, ne
ko: «Eldàdd ak Medàdd déy a ngay jottali ay
kàdduy waxyu ca dal ba!»
28 Yosuwe doomu Nuun ja dale doon
bëkk-néegu Musaa cag ndawam, daldi cay
àddu, ne: «Sang Musaa, aaye leen!»
29 Musaa ne ko: «Fiiraangee la jàpp ndax
man, am? Éy bu niti mbooloom Aji Sax ji
mépp doon ay yonent, Aji Sax ji sang leen
ag leeram!»
30 Ba loolu amee Musaa dellu ca dal ba,
moom ak magi Israayil ña.

### *Mbas wàcc na ca Kibbrot Taawa*

31 Ba loolu amee ngelaw wale ci Aji Sax
ji, daldi bàbbee ca géej ga ay picci
përëntaan, wàcce leen ca dal ba lu tollook
doxub benn fan ci gii wet, ak doxub benn
fan ca gee, ñu dajal dal ba bépp, jale ci suuf
ba xawa mat ñaari xasab.
32 Ci kaw loolu mbooloo ma taxaw di
for, bëccëgub keroog bépp, ak guddi ga
gépp, ak bëccëgub ëllëg sa sépp, ba ka gëna
néewle, for lu mat fukki barigo. Ñu weer
përëntaan ya fa wër dal ba.
33 Suux waa nga ca seeni gëñ,
sàqameeguñu sax, sànjum Aji Sax ji tàkkal
mbooloo ma. Aji Sax ji dumaa mbooloo
ma mbas mu metti lool.
34 Moo tax ñu tudde béreb booba Kibbrot
Taawa (muy firi Bàmmeeli Ŋaf-ŋaf), ndax fa
lañu denc néewi mbooloo ma doon ŋaf-ŋafi.
35 Kibbrot Taawa la mbooloo ma
bàyyikoo, jëm Àccerot. Ñu dal nag ca Àccerot.

## 12

### *Maryaama ak Aaróona jote nañook Musaa*

1 Maryaama ak Aaróona ñoo doon ŋàññ
Musaa, ci ndawas Kuuseen su mu
takkoon, te ab Kuuseen it la takkoon.
2 Ñu ne: «Ndax mennum Musaa doŋŋ la
Aji Sax jiy waxe ci moom? Xanaa daa
waxewul ci nun itam?» Aji Sax ji dégg ca.

3 Góor ga Musaa nag defoon ku woyof
lool, ba raw mboolem doom aadama ci
kaw suuf.
4 Ci kaw loolu Aji Sax ji jekki wax ak
Musaa ak Aaróona ak Maryaama, ne leen:
«Dikkleen, yeen ñett, ci xaymab ndaje mi!»
Ñu dem, ñoom ñett.
5 Aji Sax ji wàcc ci biir niir wu def aw
taxaar. Mu taxaw ca bunt xayma ba, daldi
woo Aaróona ak Maryaama, ñu bokk dikk.
6 Mu ne leen: «Dégluleen bu baax samay
kàddu: Su ngeen feeñlee ab yonentu Aji
Sax ji, ci am peeñu laa koy xamale maay
kan, te ci gént laay waxeek moom,
7 waaye du Musaa sama jaam bii. Moom
mooy ki wóor ci mboolem sama kër gii.
8 Gémmiñ ak gémmiñ laay waxeek moom
wax ju leer nàññ ju ñu léebul, te jëmmu Aji
Sax ji lay gis. Kon lu leen may fitu ŋàññ
Musaa sama jaam bi?»
9 Sànjum Aji Sax ji nag tàkkal leen. Ci kaw
loolu mu dem.
10 Naka la niir wa jóge ca xayma ba,
Maryaama jekki ne fureet ak jàngoroy
ngaana, weex furr! Aaróona ne Maryaama
gees, yem ca ngaana ga.
11 Aaróona ne Musaa: «Ngalla sang bi, bu
nu topp bàkkaar bi nu bàkkaar ndax ñàkk
xel!
12 Ngalla bul seetaan kii mel ni ku dee te
indaalewul bakkan ba mu juddoo ca
ndeyam, xaaju yaram wi lekku!»
13 Musaa nag jooy Aji Sax ji, ne ko:
«Yàlla, ngalla wéral ko!»
14 Aji Sax ji ne Musaa: «Xanaa baayam
sax su ko jéppi woon, ba tifli ko ci kanam,
muy gàcceem diiru juróom ñaari fan? Naañu
ko génne dal bi diiru juróom ñaari fan, door
koo delloosi ci biir.»
15 Ba loolu amee ñu génne Maryaama
dal ba diiru juróom ñaari fan. Mbooloo ma
demul, ba keroog ba ñu delloosee
Maryaama ca biir dal ba.
16 Gannaaw loolu mbooloo ma bàyyikoo
Àccerot, ñu dali ca màndiŋu Paran.

# 13

## *Musaa yeble na Kanaan*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
2 «Yebalal ay ndaw, ñu dem yëri réewum
Kanaan, gi may jox bànni Israayil. Kenn
ngay yebal ci seen giiri maam yi, giir gu ci
nekk, kenn, te ku ci nekk di kilifa ci ñoom.»
3 Ci kaw loolu Musaa yebal ndaw ña ci
ndigalal Aji Sax ji, ñu bàyyikoo ca màndiŋu
Paran. Ñoom ñépp ay njiiti bànni Israayil
lañu woon.
4 Ñooñu ñoo di:
Samwa doomu Sakur, ci giirug
Rubeneen ñi,
5 ak Safat doomu Ori, ci giirug
Cimyoneen ñi,
6 ak Kaleb doomu Yefune, ci giirug
Yudeen ñi,
7 ak Igal doomu Yuusufa, ci giirug
Isakareen ñi,
8 ak Ose doomu Nuun, ci giirug
Efraymeen ñi,
9 ak Palti doomu Rafu, ci giirug
Beñamineen ñi,
10 ak Gadyel doomu Sodi, ci giirug
Cabuloneen ñi,
11 ak Gadi doomu Susi, mi taxawal làngu
Manase ci biir giirug Yuusufeen ñi,
12 ak Amyel doomu Gemali, ci giirug
Daneen ñi,
13 ak Setur doomu Mikayel, ci giirug
Asereen ñi,
14 ak Nabi doomu Wofsi, ci giirug
Neftaleen ñi,
15 ak Gewuyel doomu Maki, ci giiru
Gàddeen ñi.
16 Ñooñu la Musaa yónni woon, ngir ñu
yëri réew ma. Ose doomu Nuun nag,
Musaa tudde ko Yosuwe.
17 Ba leen Musaa yebalee ngir ñu yëri
réewum Kanaan, da ne leen: «Ci Negew gi
di diiwaan bi ci bëj-saalum ngeen di jaare,
yéegi ca diiwaanu tund ya,
18 ba gis nu réew ma mel: ndax waa réew
ma, ñu am doole lañu, walla ñu néew
doole; ñu néew lañu, walla ñu bare;
19 ak ndax réew ma baax na, walla
baaxul; ak nu seeni dëkk mel: ndax ay dal
rekk la, walla ay dëkk yu ñu dàbbali la;
20 ak suuf sa: ndax nangu na, am
nanguwul; ak itam ndax am nay garab,
am déet. Te ngeen góor-góorlu ba sàkkaale
ca meññeefi réew ma.» Fan yooyu nag
yemook reseñ di meññ ndoortel meññeef.
21 Ci kaw loolu ndaw ya dem yëri réew
ma, dale ko ca màndiŋu Ciin, ba àgg Rexob,

ga ca wetu Amat.
22 Ña nga jaare Negew ca bëj-saalum,
dem ba Ebron, fa Anageen ña, Aximan ak
Sesay ak Talmay dëkkoon. Ebron googee,
tabaxees na ko juróom ñaari at lu jiitu
Cowan ga ca Misra.
23 Ñu dem ba ca xuru Eskol, daldi fay
dagge ab car bu def benn cëggub reseñ,
ñaar ca ñoom gàddoo ko bant, ñu sàkkaale fa
gërënaat ak figg.
24 Béreb boobu lañu dippee xuru Eskol,
(muy firi xuru Cëgg) ndax cëgg ba fa bànni
Israayil dagge woon.

## *Ndaw ya délsi nañu*

25 Ndaw ya nag ñibbisi, gannaaw ba ñu
nemmikoo réew ma lu mat ñeent fukki fan.
26 Ñu dikk ba ci Musaa ak Aaróona, ak
mbooloom bànni Israayil gépp, ca màndiŋu
Paran, ca Kades. Ñu àgge leen xibaar yi,
ñoom ak mbooloo ma mépp, ba noppi won
leen meññeefum réew ma.
27 Ci kaw loolu ñu nettali Musaa, ne:
«Dem nanu réew ma nga nu yebaloon, te it
foofa la meew maak lem ja tuuroo! Lii ca
meññeef maa.
28 Xanaa kay, kàttan gu askanu réew ma
am, péey ya dàbbaliku te yaa lool. Te it
ponkal yooyu cosaanoo ci Anageen ñi
lanu fa gis.
29 Amalegeen ñaa dëkke bëj-saalumu réew
ma, Etteen ñaak Yebuseen ñaak Amoreen
ña dëkke diiwaanu tund ya, Kanaaneen ña
dëkke wetu géej, feggook dexu Yurdan.»
30 Ci kaw loolu Kaleb noppiloo mbooloo
ma, fekk leen tàmbalee diiŋat Musaa. Mu
ne leen: «Nooy dem ba demaatoo, nanguji
réew ma, ndax bir na ne noo leen mana
duma.»
31 Ndaw ya àndoon ak moom daldi ne:
«Manunoo songi waa réew ma, ndax ñoo nu
ëpp doole.»
32 Ci biir loolu ñuy baatal ca kanam
bànni Israayil, réew ma ñu nemmikuji
woon. Ñu naan: «Réew moomee ñu wëri
woon ngir nemmiku ko déy, réew la muy
mëdd ay sancaanam, te mboolem askan
wa nu fa gis, ay boroom jëmm lañu.
33 Fa lanu gis xeetu Nefilim ya, ponkali
Anageen ña bokk ca xeetu Nefilim ya, nuy
niru sunu bopp ay soccet fi seen kanam, di
leen ko niru, ñoom it.»

# 14

## *Mbooloo ma bañ naa duggi Kanaan*

1 Ba loolu amee mbooloo mépp tàmbalee
yuuxu. Askan wa daa fanaanee jooy
guddig keroog.
2 Bànni Israayil gépp nag di ñaxtu ci kaw
Musaa ak Aaróona, mbooloo ma mépp naa
leen: «Waay lu nu tee woona dee ca réewum
Misra, mbaa sax nu dee ci màndiŋ mii!
3 Ana lu nu Aji Sax jiy indee ci réew mii
ñu nara reye saamar, sunuy jabar ak
sunuy tuut-tànk doon alalu sëxëtooy xare!
Tee noo dellu Misra yee?»
4 Ci kaw loolu ñu naan ca seen biir: «Nan
fal njiit te dellu Misra.»
5 Ba loolu amee Musaa ne gurub, moom
ak Aaróona, ñu dëpp seen jë fa suuf, fa
kanam mbooloom bànni Israayil ma fa
daje mépp.
6 Yosuwe doomu Nuun, ak Kaleb doomu
Yefune, ñoom ña bokk ca ña seeti woon
réew ma, daldi xotti seeni yére ndaxu tiis.
7 Ñu wax nag mbooloom bànni Israayil
mépp, ne leen: «Réew ma nu wëri woon, ba
nemmiku ko, réew mu baaxa baax la.
8 Bu nu Aji Sax ji nangulee, moo nuy
dugal réew moomu, moo nuy jox réew ma
meew maak lem ja tuuroo.
9 Fexeleen rekk ba Aji Sax ji, buleen ko
gàntal, te yeen nag ngeen baña ragal waa
réew ma, ndax ab lanc doŋŋ lañu nuy mat.
Seen kiiraay dëddu na leen, te Aji Sax jaa
ngeek nun. Buleen leen ragal.»

## *Gàntal Aji Sax ji sabab na mbugal*

10 Ba mu ko defee mbooloo ma mépp ne
dañu leen di dóori xeer ba ñu dee. Leeru
Aji Sax ji nag feeñ ca xaymab ndaje ma, ci
kanam bànni Israayil gépp.
11 Ba loolu amee Aji Sax ji ne Musaa: «Ba
kañ la ma askan wii nara xarab? Ba kañ
lañu may gëmadi, ak firnde yi ma def ci
seen biir yépp?
12 Maa leen di dumaa mbas, nangu seen
cér, ba noppi sose ci yaw askan wu leen
ëpp, ëpp leen doole.»

13 Musaa ne Aji Sax ji: «Kon de, waa Misra ga nga jële mbooloo mii, génnee leen sa doole ca seen biir, dinañu ko dégg,

14 te dinañu ko nettali waa réew mii. Waa réew mii dégg nañu ne yaw Aji Sax ji ci sa bopp yaa nekk ci digg mbooloo mii ngay feeñu bët ak bët, yaw Aji Sax ji, saw niir taxaw, tiim leen, te aw taxaaru niir nga leen di jiitoo bëccëg, jiitoo leen aw taxaaru sawara, guddi.

15 Nga nara boole mbooloo mii mépp, bóom benn yoon? Kon de xeet yi dégg sa jaloore dinañu wax ne:

16 “Ñàkka mana yóbbu mbooloo mii ca réew ma mu leen giñaloon, moo waral Aji Sax ji rey leen ci màndiŋ mi!”

17 Kon nag ngalla Boroom bi, na sa doole màgg rekk, noonee nga noon:

18 “Aji Sax ji! Kiy muñ mer, te bare ngor, di baale tooñ aki moy te du ñàkka topp mukk doom, tooñu waajuram, ba ca sët yaak sëtaat ya.”

19 Ngalla jéggalal mbooloo mii seenug tooñ ci sag bare ngor, noonee nga leen masa baale, ca Misra ba tey jii.»

20 Ba loolu amee Aji Sax ji ne: «Jéggal naa leen noonu nga ko waxe.

21 Waaye ndegam maay Kiy dund, te leeru Aji Sax ji mooy fees àddina sépp,

22 gannaaw mboolem nit ñi gis samag leer, gis firnde yi ma def ci digg Misra ak ci màndiŋ mi, ñoo ma seetlu woon nii fukki yoon, bañ maa déggal,

23 kenn ci ñoom déy du gis réew mi ma giñaloon seeni maam. Mboolem ñi ma xarab, kenn du ko ci gis.

24 Sama jaam Kaleb nag, gannaaw meneen xel lay wéye, te moo topp sama gannaaw, ba mu mat sëkk, maa koy yóbbu ba ca réew ma mu demoon, te aw askanam a koy moom.

25 Gannaaw Amalegeen ñaak Kanaaneen ña dëkke xur wi nag, bu ëllëgee walbatikuleen, toppaat màndiŋ mi, te jaareji ko géeju Barax ya.»

26 Aji Sax ji waxati Musaak Aaróona, ne:

27 «Ba kañ la mbooloo mu bon mii di ñaxtu ci sama kaw? Ñaxtu yi bànni Israayil di ñaxtu ci sama kaw, dégg naa ci.

28 Ne leen: Ndegam maay Kiy dund déy, kàddug Aji Sax jee, noonu ngeen waxe, may dégg, ni laa leen di def.

29 Ci màndiŋ mii kay la seeni néew di tëdd. Mboolem ñi ñu leen limal, mboolem ñi ñu leen waññal, ñu dale ci ñaar fukki at, jëm kaw te doon ñaxtu ci sama kaw,

30 kenn ku moy Kaleb doomu Yefune ak Yosuwe doomu Nuun, du kenn ku ciy dugg ca réew ma ma leen giñoona dëël.

31 Seen tuut-tànk yi ngeen ne alalu sëxëtooy xare lañuy doon, ñoom laay yóbbu, ba ñu xam réew ma ngeen xarab.

32 Waaye yeen, seeni néew ci màndiŋ mii lay tëdd,

33 seeni doom di màngaan ñeent fukki at ci màndiŋ mi, gàddoo ko seen ñàkk worma, yeen ñi leen jur, ba keroog seeni néew tëdd ba jeex ci màndiŋ mi.

34 Limu fan yi ngeen nemmikuji woon réew ma, ñeent fukki fan, benn fan bu ci nekk day wecci menn at, ngeen gàddoo ko seen mbugali bàkkaar, ñeent fukki at, ba ngeen xam li jànkoonteek man di jur.

35 Man Aji Sax ji, maa ko wax. Noonu déy laay def mboolem mbooloo mu bon mii booloo ci sama kaw. Ci màndiŋ mii lañuy raafe, fii lañuy deewe.»

36 Ndaw ya Musaa yebaloon, ñu nemmikuji réew ma nag, te ñu délsi, di baatal réew ma, ba tax mbooloo mépp di ñaxtu ci kawam,

37 ñooña doon baatal réew ma, am mbas a leen rey fi kanam Aji Sax ji.

38 Mennum Yosuwe doomu Nuun ak mennum Kaleb doomu Yefune doŋŋ, ñoo mucc ca ndaw yooya nemmikuji woon réew ma.

### *Mbooloo ma gàntalati na*

39 Ba Musaa jottalee bànni Israayil gépp kàddu yooyu, mbooloo ma mititlu nañu ko lool.

40 Ca ëllëg sa ñu teela xëy, yéegi kaw tund ya, te naan: «Nu ngi nii di yéeg, jëm fa nu Aji Sax ji wax, ndax noo tooñ.»

41 Musaa ne leen: «Lii nag? Yeena ngi tebbi waxi Aji Sax ji, waaye loolu de du sotti!

42 Buleen dem, te Aji Sax ji àndul ak yeen. Lu ko moy dingeen daanu ci seen kanami noon.

43 Te kat Amalegeen ñi ak Kanaaneen
ñaa ngi fuu ci seen kanam. Yeen rekk
yeenay daanoo saamar. Gannaaw yeena
dëddu Aji Sax ji nag, Aji Sax ji du ànd ak
yeen.»
44 Teewul ñu të ticc, ne dañuy yéegi kaw
tund ya, te gaalu kóllërey Aji Sax ji ak
Musaa génnuñu dal ba.
45 Ba mu ko defee Amalegeen ña ak
Kanaaneen ña dëkke woon diiwaanu tund
woowa wàccsi, duma leen, tasaare leen ba
ca gox ba ñuy wax Xorma.

# 15

## *Lu jëm ci saraxi pepp ak diw ak biiñ*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu ngeen
demee ca réew ma ngeen di sanci, réew ma
ma leen jox,
3 bu ngeen di defal Aji Sax ji saraxu
sawara, muy saraxu rendi-dóomal, mbaa
sarax su nit di wàccoo aw xas, mbaa
saraxu yéene, mbaa seen saraxi màggal,
ngir xeeñal xetug jàmm ñeel Aji Sax ji, te
muy lu jóge ci jur gu gudd mbaa gu gàtt,
defe leen ko nii:
4 «Kiy sarxal Aji Sax ji ab saraxam, na
sarxewaale saraxu pepp bu benn
fukkeelu efab sunguf su mucc ayib, di
ñetti kilo, su ñu xiiwe ñeenteelu xaajub
xiinu diw, di liitar,
5 ak biiñ ngir saraxu tuuru, ñeenteelu
xaajub xiin, di liitar, mu ànd ak saraxu
rendi-dóomal mbaa beneen sarax, su dee
kuuy mu ndaw.
6 «Su dee am kuuy mu mag, saraxu pepp
bi muy àndal, ñaari fukkeeli efay sunguf su
mucc ayib lay doon, di juróom benni kilo,
ñu xiiwe ko ñetteelu xaajub xiinu diw, di
liitaru diw ak genn-wàll,
7 ak biiñ ngir saraxu tuuru, ñetteelu
xaajub xiin, di liitar ak genn-wàll. Na joxe
loolu, def ko xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji.
8 «Su dee sarxe jur gu gudd, muy saraxu
rendi-dóomal, mbaa sarax bu muy wàccoo
aw xas, mbaa saraxu cant ci biir jàmm,
ñeel Aji Sax ji,
9 na sarxewaaleek jur gu gudd gi, ab
saraxu pepp bu ñetti fukkeeli efay sunguf
su mucc ayib, di juróom ñeenti kilo, ñu
xiiwe ko genn-wàllu xiinu diw, di ñaari
liitar,
10 ak biiñ bu muy joxewaale, ngir
saraxu tuuru, di genn-wàllu xiin, muy
ñaari liitar. Loolu saraxu sawara la, di
xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji.
11 «Noonu lees di def bu dee saraxu yëkk,
mbaa am kuuy mu mag, mbaa am kuuy
mu ndaw, mbaa bëy.
12 Nu limu juri sarax yi tollu rekk, ngeen
def mu ci nekk noonu, ànd ak lim ba.
13 Mboolem njuddu-ji-réew, noonu lay
defe sarax yooyii, buy indi saraxu sawara
ngir xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji.
14 «Su dee ab doxandéem bu dal ak yeen,
mbaa ku nekk ak yeen ci seen maas yiy
ñëw, te muy joxe saraxu sawara ngir xetug
jàmm, ñeel Aji Sax ji, ni ngeen koy defe
rekk la koy defe.
15 Mbooloo mi mépp, dogalu yoon boobu
benn la ciy doon, muy yeen, di doxandéem
bi. Dogal la buy sax fàww, ñeel seen
maasoo maas, te di benn ci yeen ak ci
doxandéem bi, fi kanam Aji Sax ji.
16 Wenn yoon wee, di benn àtte bi, ñeel
leen, ñeel doxandéem bi dal ak yeen.»

## *Lu jëm ci mépp meññeef mu njëkk*

17 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
18 «Waxal bànni Israayil, ne leen, bu
ngeen demee ca réew ma ma leen jëme,
19 bay lekk ca ñamu réew ma, nangeen ci
génne asaka, ñeel Aji Sax ji;
20 seen nootu sunguf bu njëkk, ci ngeen
di sàkke menn mburu mu ñuy jébbal Aji
Sax ji. Ni ngeen di génne asakay njébbal bu
jóge ca dàgga ja rekk, ni ngeen koy sàkke.
21 Seen nootu sunguf bu njëkk, ci ngeen
di génne asakay njébbal, ñeel Aji Sax ji,
yeen ak seen askan.»

## *Sarax war na ci moy gu dul teyeef*

22 Su dul ci teyeef ngeen ñàkka jëfe lenn
ci mboolem santaane yii Aji Sax ji dénk
Musaa,
23 ci mboolem lu leen Aji Sax ji sant,
Musaa jottali, dale ko keroog ba Aji Sax ji
santaanee loola, ak gannaaw gi, ba ca
seen maasoo maas,
24 su dee moy gu dul teyeef, te mbooloo
mi yégu ko woon, su boobaa mbooloo
mépp ay sarxal aw yëkk wu ndaw wuy

doon rendi-dóomal, ngir xetug jàmm, ñeel
Aji Sax ji, ak saraxu pepp, ak saraxu tuuru
yi mu àndal, ni ko yoon àttee, ak benn
sikket ngir saraxu póotum bàkkaar.
25 Sarxalkat bi day def loolu njotlaayal
mbooloom bànni Israayil gépp, njéggal
daldi leen ñeel, gannaaw moy ga dug
teyeef, te ñoom it indi nañu seen saraxu
sawara, ñeel Aji Sax ji, booleek seen
saraxu póotum bàkkaar fi kanam Aji Sax ji,
ndax seen moy ga dul teyeef.
26 Njéggal day daldi ñeel mbooloom
bànni Israayil gépp, ak bépp doxandéem bu
dal ak ñoom, ndax mbooloo mépp lay seen
moy gu dul teyeef.
27 Su dee kenn nit a bàkkaar te du
teyeefam, na sarxal aw bëy wu jigéen wu
menn at, ngir saraxu póotum bàkkaar.
28 Sarxalkat bi daldi koy def fi kanam Aji
Sax ji, njotlaayal ki moy ci ag ñàkka tey, ca
bàkkaaram ba dul teyeef. Loolu la koy jote,
njéggal ñeel ko.
29 Muy njuddu-ji-réew ju bokk ci bànni
Israayil, di doxandéem bu dal ak ñoom,
yoon wi wenn lay doon, ñeel ki moy te du
teyeefam.
30 Nit ki tooñ cig teyeefam nag, muy
njuddu-ji-réew, di doxandéem, kooku Aji
Sax ji la ñàkke kersa. Nit kooku, dees koy
dagge ci biiri bokkam.
31 Gannaaw kàddug Aji Sax ji la teddadil
te ndigalam la xëtt, nit kooku dees koy
dagge rekk, mu gàddu bàkkaaram.

### *Bésub Noflaay wormaal la laaj*

32 Ba bànni Israayil nekkee ca màndiŋ
ma, dañoo fekk jenn waay, muy taxan
bésub Noflaay.
33 Ña ko fekk muy taxan, yóbbu ko ba ca
Musaa ak Aaróona, ak mbooloo ma mépp.
34 Ba loolu amee ñu teg ko ciy loxo, ndax
dogaleesagul woon nees di def ak moom.
35 Ci kaw loolu Aji Sax ji ne Musaa: «Dee
rekk mooy àtteb waa ji. Dees koy génne dal
bi, mbooloo mépp dóor koy xeer, ba mu
dee.»
36 Mbooloo ma mépp daldi koy génne dal
bi, dóor koy xeer ba mu dee, na ko Aji Sax
ji sante Musaa.

### *Yoon sàrtal na wàllu col*

37 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
38 «Waxal bànni Israayil, ne leen, ci seen
maasoo maas, nañu def ay langat ci seen
cati mbubb, langat wu ci nekk ñu nas ci
buum gu baxa.
39 Mu doon seen langat yu ngeen di
xool, di ko fàttalikoo mboolem santaaney
Aji Sax ji, ngir di ko jëfe, te baña topp seen
bànneexu bakkan ak seeni gët, bay moy.
40 Su ko defee ngeen di bàyyi xel tey jëfe
sama santaane yépp, daldi doon ñu sell,
ñeel seen Yàlla.
41 Man maay Aji Sax ji, seen Yàlla ji leen
génnee réewum Misra ngir doon seen Yàlla.
Maay seen Yàlla Aji Sax ji.»

# 16

### *Kore fippu na*

1 Ku ñuy wax Kore doomu Iccar, mi
askanoo ci Keyat doomu Lewi, moo àndoon
ak ay Rubeneen, ñuy Datan ak Abiram,
doomi Elyab, ak Oon doomu Pelet,
2 ñu jógal Musaa, ñook ñaari téeméer ak
juróom fukk (250) ci bànni Israayil, diy
kilifa ci mbooloo mi, am baat ca pénc ma,
te di ñu am aw tur.
3 Ci kaw loolu ñu bokk daje fi kaw
Musaa ak Aaróona, ne leen: «Doy na sëkk!
Mbooloo mi ba mu daj, ñépp a sell, te ci
sunu biir la Aji Sax ji nekk. Ana lu ngeen
di xoggaliku ci kaw mbooloom Aji Sax ji?»
4 Ba Musaa déggee loolu, da ne gurub,
dëpp jë bi fi suuf.
5 Mu wax Kore ak gàngooram gépp, ne:
«Bu ëllëgee, Aji Sax ji mooy xamle kan la
séddoo ak kan mooy ki sell, mu jegeñal ko
boppam. Ki mu tànn nag, dina ko jegeñal
boppam.
6 Dangeen di def nii: Jëlleeni and, yaw
Kore, yaak sa gàngoor gépp,
7 te ngeen def ciy xal, def ci cuuraay fi
kanam Aji Sax ji, ëllëg. Su ko defee ku Aji
Sax ji tànn, kookooy ki sell. Doy na sëkk,
yeen Leween ñi!»
8 Musaa teg ca ne Kore: «Yeen Leween
ñi, dégluleen nag!
9 Xeeb ngeen daal ber gi leen Yàllay
Israayil ber ci mbooloom Israayil, jegeñal
leen boppam, ngeen di liggéey liggéeyu
màkkaanu Aji Sax ji, di taxaw fi kanam
mbooloo mi, di leen jaamul Yàlla?

10 Yaw mu jegeñal la, yaak sa bokki
Leween ñépp, ngeen di xëccu céru carxal,
boole ci!
11 Kon kay yaw yaak sa gàngoor gépp, ci
kaw Aji Sax ji ngeen bokk daje! Ana kuy
Aaróona, ba ngeen di ñaxtu ci kawam?»
12 Musaa nag woolu Datan ak Abiram,
doomi Elyab, ñu ne ko: «Danoo ñëwul!
13 Dangaa xeeb li nga nu jële réew mu
meew maak lem ja tuuroo, ngir reylu nu
ci màndiŋ mi, ba tax ngay buur-buurlu ci
sunu kaw teg ci?
14 Du réew mu meew maak lem ja
tuuroo nga nu yóbbu de, te séddoo nu céri
tool mbaa tóokëri reseñ. Mbooloo mii
mépp, man nga leena tuur lëndëm? Danoo
ñëwul!»
15 Ba loolu amee Musaa mer lool. Mu ne
Aji Sax ji: «Bul geesu sax seen sarax. Menn
mbaam sax, masuma leen koo jëlal te
masuma cee tooñ kenn.»

### *Way-fippu ya jot nañu seen añ*

16 Musaa nag ne Kore: «Yaw, yaak sa
gàngoor gépp, ñëwleen ca kanam Aji Sax ji,
yaak ñoom ak Aaróona, ëllëg.
17 Na ku nekk jël andam, def ci cuuraay,
te na ku ci nekk indi andam fi kanam Aji
Sax ji, muy ñaari téeméeri and ak juróom
fukk, yaak Aaróona it, ku nekk ak andam.»
18 Ba mu ko defee ku nekk jëlub andam,
def cay xal, teg ca cuuraay. Ñu taxaw ca
bunt xaymab ndaje ma, ñook Musaa ak
Aaróona.
19 Kore nag dajale gàngoor gépp fa ñoom,
ca bunt xaymab ndaje ma. Ci kaw loolu
leeru Aji Sax ji feeñu mbooloo ma mépp!
20 Aji Sax ji wax Musaa ak Aaróona, ne:
21 «Xiddileen mbooloo mii, ma xoyom
leen léegi!»
22 Musaa ak Aaróona ne gurub, dëpp
seen jë fa suuf, daldi ne: «Éy Yàlla, yaw
Yàllay bépp boroom bakkan bu bindoo aw
suux, xanaa du kenn ay bàkkaar, nga far
sànju ci kaw mbooloom lëmm?»
23 Ci kaw loolu Aji Sax ji ne Musaa:
24 «Waxal mbooloo mi, ne leen ñu jóge fi
wër màkkaani Kore ak Datan ak Abiram.»
25 Musaa daldi jubal ca Datan ak
Abiram, magi Israayil topp ca.
26 Ci biir loolu mu wax ak mbooloo ma,
ne leen: «Ngalla dàndleen xaymay nit ñu
bon ñii, te buleen laal seen lenn, bala
ngeen di buuboondook mboolem bàkkaari
ñii.»
27 Ñu daldi jóge mboolem fa wër
màkkaani Kore ak Datan ak Abiram. Datan
ak Abiram ñoom, ña nga génn, taxaw ca
seen bunti xayma, ñook seeni jabar ak
seeni doom, ak seeni tuut-tànk.
28 Musaa nag ne: «Lii nag moo leen di
xamal ne Aji Sax ji moo ma yebal ngir ma
def jëf jii jépp, waaye du sama coobarey
bopp:
29 Ndegam ni mboolem doom aadama
di deewe, ni la ñii deewe, seen demin di
deminu mboolem doom aadama, su
boobaa du Aji Sax jee ma yebal.
30 Waaye ndegam Aji Sax ji moo sàkk ba
sàkk tey lu masula am, ba suuf ŋa, mëdd
leen, ñook lu bokk ci ñoom, ñu tàbbiwaale
bakkan biir njaniiw, su boobaa dingeen
xam ne ñoom ñii ñoo xarab Aji Sax ji.»
31 Naka la Musaa di daaneel kàddu
yooyu yépp, fa ñu taxaw jekki xar,
32 suuf ŋa, mëdd leen, ñook seen waa kër,
ak mboolem ku bokk ci Kore, ak mboolem
alal ja.
33 Ñu daldi tàbbiwaale bakkan biir
njaniiw, ñook mboolem lu ñu moom, suuf
sàng leen, ñu réer mbooloo ma mërr.
34 Mboolem Israayil dégg seen yuux ya,
daldi daw, te naan: «Nan daw bala noo
suuf a mëdd!»
35 Ci kaw loolu sawara moo bawoo fa Aji
Sax ji, xoyom ñaari téeméeri nit ak juróom
fukk ña indi woon saraxu cuuraay ba.

## 17

### *Andi way-fippu ya firnde la*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne:
2 «Waxal Elasar doomu Aaróona,
sarxalkat bi, ne ko mu seppee and yi ci
lakk gi, ndax lu sell la, te xal yi, na ko tuur
fu sore.
3 And yooyii seeni boroom feye seen
bakkan seeni bàkkaar, dees koy tëgg, ba mu
tàlli, xoobe ko sarxalukaay bi. Gannaaw fi
kanam Aji Sax ji lañu indi and yi, ba tax
mu doon lu sell, na and yi doon firnde,
ñeel bànni Israayil.»

4 Ci kaw loolu Elasar sarxalkat bi jël
andi xànjar, ya ña dee ca lakk ga indi woon,
ñu tëgg ko ba mu tàlli, ngir sarxalukaay ba,
5 na ko Aji Sax ji santaanee woon, Musaa
jottali. Loolu di fàttali bànni Israayil ne
benn jàmbur bu bokkul ci askanu Aaróona
sañula dikk di taal cuuraay fi kanam Aji
Sax ji, lu ko moy lu mel ni li dal Kore ak
gàngooram moo koy dal.

### *Ñaxtu sabab na mbugal*

6 Ca ëllëg sa mbooloom bànni Israayil
gépp a doon ñaxtu ci kaw Musaa ak
Aaróona, naan: «Yeen yeena reylu ñoñi Aji
Sax ji!»
7 Mbooloo maa nga sam Aaróona ak
Musaa. Ci biir loolu, ñu ne gees xaymab
ndaje ma, gisuñu lu moy niir wa muur ko,
leerug Aji Sax ji feeñ.
8 Ba loolu amee Musaa ak Aaróona dem
ba ca kanam xaymab ndaje ma,
9 Aji Sax ji wax ak Musaa, ne:
10 «Jógeleen biir mbooloo mii, ma sànk
leen léegi!» Ñu ne gurub, dëpp seen jë fa
suuf.
11 Musaa ne Aaróona: «Jëlal and bi, nga
sàkke ci sarxalukaay bi ay xal, teg ci
cuuraay, yóbbu gaaw ca mbooloo ma, ba
defal leen ag njotlaay, ndax sànj mi tàkke
na ci Aji Sax ji, mbas mi tàmbali na!»
12 Aaróona këf and ba Musaa wax, daw
dugg ca biir mbooloo ma. Ndeke mbas ma
tàmbali na ca biir mbooloo ma. Mu def ca
and ba cuuraay, daldi defal mbooloo ma
njotlaay.
13 Naka la taxaw ci diggante ñi dee ak
ñiy dund, mbas ma dal.
14 Ña dee ca mbas ma nag doon fukki
junneek ñeent ak juróom ñaari téeméer
(14 700), te bokkul ak ña dee woon ca
mbirum Kore ma.
15 Ba mu ko defee Aaróona dellu ca
Musaa, ca bunt xaymab ndaje ma, fekk
mbas ma dal.

### *Bant bu wow jebbi na*

16 Ba loolu amee Aji Sax ji ne Musaa:
17 «Waxal ak bànni Israayil, nga nangoo
ci mboolem seen kilifay kër maam, aw yet,
na wenn yet bawoo ci kër gu ci nekk, muy
fukki yet ak ñaar, yet wu ci nekk, nga bind
ci turu boroom.
18 Turu Aaróona itam, nga bind ko ci
yetu giirug Lewi, ndax wenn yet lay doon,
ñeel kilifag kër gu ci nekk.
19 Nga denc yet yi ca biir xaymab ndaje
ma, fa kanam gaalu seedes kóllëre ga, fa
may dajeek yeen.
20 Su ko defee ki ma tànn, aw yetam dina
jebbi, ba ma teqalikoo ak xultuy bànni
Israayil yi ñuy xultu ci seen kaw.»
21 Musaa àgge ko bànni Israayil,
mboolem seen kilifay kër maam jox
Musaa aw yet, kilifa gu ci nekk wenn yet,
ñeel kër maamam, muy fukki yet ak ñaar,
yetu Aaróona bokk ca.
22 Musaa teg yet ya fa kanam Aji Sax ji,
ca biir xaymab seede sa.
23 Ca ëllëg sa, naka la Musaa dugg ca
xaymab seede sa rekk, daldi fekk yetu
Aaróona wu kër Lewi, jebbi; fekk na mu
jebbi, ba tóor, ba meñ ay doomi amànd*.
24 Ba loolu amee Musaa jële yet yépp ci
Aji Sax ji, dem ba ca bànni Israayil gépp,
ñépp gis, ku nekk jël yetam.
25 Aji Sax ji waxati Musaa, ne: «Dellool
yetu Aaróona fa kanam gaalu seede sa, mu
dence fa, di firnde ñeel xeetu fippukat wi,
ndax nga dakkal seeni xultu ci sama kaw,
ba duñu dee.»
26 Musaa def noonu. Na ko ko Aji Sax ji
sante, na la ko defe.
27 Bànni Israayil nag naan Musaa: «Jeexal
nanu nag, sànku nanu, nun ñépp ay sànku!
28 Gannaaw képp ku jege màkkaanu Aji
Sax ji doŋŋ, dangay dee kay, mbaa dunu
far jeex tàkk?»

# 18

### *Lu jëm ci sarxalkat yi ak Leween ñi*

1 Aji Sax ji ne Aaróona: «Yaw, yaak say
doom ak sa waa kër maam, yeenay gàddu
peyug tooñ ci wàllu béreb bu sell bi, te itam
yaw, yaak say doom, yeenay gàddu peyug
tooñ ci seen wàllu carxal.
2 Te itam sa bokki Leween ñi, sa giirug
baay, jegeñal leen sa bopp, ñu jokku ci
yaw, di la jàppale, te yaw yaak say doom,

* **17.23 *amànd*** xeetoo naak gerte-tubaab.

ngeen féete fi kanam xayma ba seedes
kóllëre ga dence.
3 Ñooy sàmm sa ndénkaane, ak
ndénkaaneb mboolem xayma bi, waaye
jumtukaayi béreb bu sell bi, ak
sarxalukaay bi, buñu ko jege, lu ko moy
dañuy dee, ñoom ak yeen itam.
4 Nañu jokku ci yaw, te ñu sàmm
ndénkaaneb xaymab ndaje mi, ci mboolem
liggéeyu xayma bi. Kenn ku ci bokkul nag
du leen jege, yeen.
5 Nangeen sàmm ndénkaaneb béreb bu
sell bi, ak ndénkaaneb sarxalukaay bi, ngir
am sànj baña dalati ci kaw bànni Israayil.

6 «Man mii nag maa seppee seen bokki
Leween ñi ci biir bànni Israayil. Yeen lañu
leen jagleel a jagleel, ñeel Aji Sax ji, ngir ñu
liggéey liggéeyu xaymab ndaje mi.
7 Yaw nag yaak say doom, dénkooleen
seenug carxal ci mboolem mbiru
sarxalukaay bi, ak ca wàllaa ridob biir bi,
ngeen di ca liggéey. Seen liggéeyu carxal
bi, ab sasu teraanga la, maa leen ko terale.
Waaye ku bokkul ci yeen, bu ci laalee,
dees koy rey.»

## *Lu jëm ci peyu sarxalkat yi ak Leween yi*

8 Aji Sax ji neeti Aaróona: «Man mii maa
la dénk mboolem saraxi njébbal yu sell yi
bànni Israayil di indi, yaw laa ko jagleel,
nga jagoo, yaak say doom, ci kaw dogal bu
sax dàkk.
9 Lii nag, yaa ko moom, ci mboolem
sarax yu sell yee sell yi mucc sawara: seen
bépp sarax, seen bépp saraxu pepp ak seen
bépp saraxu póotum bàkkaar, ak seen bépp
saraxu peyug tooñ bu ñu ma indil, lu sella
sell la, ñeel la, yaak sa doom yu góor.
10 Fu sella sell ngeen koy lekke; képp kuy
góor ci yeen, sañ na cee lekk. Lu sell lay
doon ci yaw.

11 «Leneen liy sa cér moo di bépp saraxu
njébbal bu jóge ci saraxi nit ñi, di saraxi
yékkati-jébbal yu bànni Israayil. Yaw laa ko
sédd, yaak sa doom yu góor, ak sa doom yu
jigéen, ci kaw dogalu yoon bu sax dàkk.
Képp ku set ci sa waa kër, sañ na cee lekk.
12 «Lépp luy ngëneelu diw gu bees, ak
ngëneelu biiñ bu bees, ak pepp mu njëkka
ñor, mu ñu jox Aji Sax ji, yaw laa ko jox.
13 Meññeef mu njëkk mi ñuy indil Aji Sax
ji, ci mboolem lu meññee ci seen suuf, yaa
koy moom, te képp ku set ci sa waa kër, sañ
na cee lekk.
14 Mboolem lees aaye ngir Aji Sax ji ci
Israayil, yaa koy moom.
15 Lépp luy ubbiteg njur gu ñu jagleel Aji
Sax ji, ci lépp lu bindoo aw suux, nit ak
mala, yaa koy moom. Fexeel rekk ba jotlu
taawub nit ki, te taawub mala mu setul it,
nanga ko jotlu.
16 Njotu xale bu am lu dale ci weer, àpp
ko ci juróomi siikali xaalis yu béreb bu sell
bi, benn siikal yemook ñaar fukki gera
mbaa fukki garaam ak benn ak genn-wàll.
17 Waaye lu nag taawloo, ak lu xar
taawloo, ak lu bëy taawloo, deesu ko jot.
Yooyii yu sell la. Deretam ngay xëpp ci
sarxalukaay bi, nebbon bi, nga làkk ko,
muy saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel
Aji Sax ji.
18 Aw yàppam, yaa koy moom, ni nga
moome dënnu saraxu yékkati-jébbal, ak
tànkub kanam bu ndijoor ba.
19 Mboolem li bànni Israayil di jébbal Aji
Sax ji, njébbal yu sell yi, sédd naa la ko,
yaak sa doom yu góor, ak sa doom yu
jigéen, ci kaw dogalu yoon bu sax dàkk.
Kóllëreg xorom* a ngoogu, du fecciku,
xanaa sax dàkk fi kanam Aji Sax ji, ñeel la
yaw, yaak saw askan.»
20 Aji Sax ji neeti Aaróona: «Seenum réew
nag doo ci am cér, te wàllu suuf, doo ko am
ci seen biir. Man maay sa wàll, di sab cér
ci biir bànni Israayil.»

## *Lu jëm ci peyug Leween ñi*

21 Leween ñi ñoom, maa leen jox bépp
céru fukkeel bu génne ci Israayil, muy seen
cér, ñu yooloo ko seen liggéey bi ñuy
liggéey ci xaymab ndaje mi.
22 Bu bànni Israayil juuxati ci xaymab
ndaje mi, di gàddu bàkkaar bu dee di
àtteem.
23 Leween ñi ñooy ñiy liggéey liggéeyi
xaymab ndaje mi, te lu ñu ca tooñ, ñooy

* **18.19** ***kóllëreg xorom*** waxin la, day tegtale kóllëre gu yàgg, ba sax dàkk, ndax lu bare luy yàqu, xorom lees ko baaxoo woona dence, ngir mu yàgg.

gàddu pey ga, ci kaw dogal bu sax dàkk,
ñeel leen, ñook seen askan. Waaye biir
bànni Israayil, Leween ñi duñu ci séddu
céru suuf,
24 ndax céri fukkeel yi bànni Israayil
yékkati, jagleel ko Aji Sax ji, jox naa ko
Leween ñi, muy seen cér. Moo tax ma ne
leen, biir bànni Israayil, duñu ci séddu céru
suuf.

### *Céru fukkeel war na Leween ñi*

25 Aji Sax waxati Musaa ne:
26 «Leween ñi, wax leen, ne leen bu ñu
jëlee ci bànni Israayil seen céri fukkeel yi
ma leen jagleel yeen, muy seen cér, nañu
ci jébbal Aji Sax ji fukkeelub céru fukkeel
yooyu.
27 Nañu leen jàppal loolu, yeen Leween
ñi, muy seen njébbalu bopp, ni bu doon
pepp mu jóge ci seen dàggay bopp, ak biiñ
bu bees bu jóge ci seen nalukaay.
28 Su ko defee ngeen génne yeen itam, li
ngeen di jébbal Aji Sax ji, ci mboolem seen
céri fukkeel yi ngeen jële ci bànni Israayil.
Kon nangeen jële coocu, jébbalub Aji Sax ji,
jox ko Aaróona sarxalkat bi.
29 Lépp lu ñu leen sédd, nangeen ci génne
céru Aji Sax ji. Mboolem céri ngëneel
yooyu, ci ngeen di génne cér bu sell boobu.
30 «Waxal Leween ñi ne leen gannaaw bu
ñu ca sàkkee céru ngëneel li, li ci des lew na
leen, ni bu doon pepp mu jóge ci seen
dàggay bopp, ak biiñ bu jóge ci seen
nalukaay.
31 Sañ nañu koo lekke fépp, ñoom ak seen
waa kër, ndax loolu seen pey la, ñu yooloo
ko seen liggéeyu xaymab ndaje mi.
32 Duñu ci gàddu benn bàkkaar, gannaaw
bu ñu ci jébbalee céru ngëneel li. Waaye
njébbal yu sell yu bànni Israayil yooyu,
buñu ci teddadil lenn, ba di ci dee.»

## 19

### *Lu jëm ci nag wu xonq ak ndoxum setlu mi*

1 Aji Sax ji waxati Musaa ak Aaróona, ne:
2 «Lii mooy dogalu yoon bi Aji Sax ji
santaane: Neleen bànni Israayil ñu indil
leen nag wu jigéen wu xonq, wu mat,
mucc sikk, te kenn masu koo takk,
3 ngeen jox ko Elasar sarxalkat bi, ñu
génne ko dal bi, te ñu rendi ko fi kanamam.
4 Na Elasar sarxalkat bi capp
baaraamam ci deret ji, wis-wisal ko
juróom ñaari yoon fi féeteek bunt xaymab
ndaje mi.
5 Nañu lakk nag wi ci kanamam. Der bi
ak yàpp wi ak deret ji ak sébbriit mi, lépp
lañuy lakk.
6 Su ko defee sarxalkat bi sàkk bantu
seedar ak caru isob ak ndimo lu xonq
curr, boole ko sànni ca sawara wa ñuy
lakke nag wa.
7 Gannaaw loolu na sarxalkat bi fóot ay
yéreem, sangu, doora mana duggaat ci dal
bi, te du ko tee yendoo sobe ba ca ngoon.
8 Kiy lakk nag wi itam, na fóot ay yéreem,
sangu, te du ko tee yendoo sobe ba ca
ngoon.
9 Na ku set tonni dóomu nag wa ñu
lakkoon, te sotti ko ci béreb bu set, foofa ca
biti. Dóom ba dencub mbooloom bànni
Israayil lay doon, ñu di ko waajale
ndoxum setlu, ngir saraxu póotum bàkkaar.
10 Ku góor kiy tonni dóomu nag wi itam
day fóot ay yéreem, te du tee mu yendoo
sobe ba ca ngoon. Na loolu di dogalu yoon
bu sax fàww, ñeel bànni Israayil, ak
doxandéem bu dëkk ci seen biir.
11 «Bu loolu weesoo ku laal nit ku dee, ak
néew bu mu mana doon, dina sobewu
diiru juróom ñaari fan.
12 Na setlu ca ndox moomee ca bésub
ñetteel ba, gannaaw ba mu ko laalee, te na
setluwaat ca bésub juróom ñaareel ba. Su
ko defee mu set. Waaye su setluwul ca
bésub ñetteel ba, ak bésub juróom ñaareel
ba, du set.
13 Képp ku laal nit ku dee, ak néew bu
mu mana doon, bu setluwul, màkkaanu Aji
Sax ji la sobeel. Kooku dees koy dagge ci
bànni Israayil. Gannaaw ndoxum setlu
ma, wiseesu ko ko, sobewu lay wéye.
14 «Lii la yoon wi tëral: Bu nit deewee ci
biir xayma, képp ku dugg ci biir xayma bi,
ak képp ku mu fekk ci xayma bi, day
sobewu diiru juróom ñaari fan,
15 te mboolem ndab lu fa ubbiku woon,
kubeer it ubu ko woon ràpp, loola ndab
sobewu na.
16 Képp ku laal ca àll ba, nit ku ñu bóome
saamar, mbaa ku Yàlla moomal boppam,
mbaa mu laal yaxi nit ku dee, mbaa mu

laal bàmmeel, kooka day sobewu diiru
juróom ñaari fan.
17 Nañu sàkkal ki sobewu ca dóomu
saraxu póotum bàkkaar ba ñu lakkoon, te
ñu sotti ndox mu balle ci bëtu ndox ci
ndab, ca kaw dóom ba.
18 Bu loolu wéyee, na ku set jël caru isob,
capp ko ca ndox ma, wis-wisal ko ca kaw
xayma ba nit deewe, wis ko ca kaw ndab
yépp, ak ca kaw nit ña fa nekkoon. Na ko
wis itam ci kaw nit ku laal yaxi ku dee,
mbaa mu laal ku ñu bóome saamar, mbaa
mu laal ku Yàlla moomal boppam, mbaa
mu laal bàmmeel.
19 Bésub ñetteel ba nag, ak bésub juróom
ñaareel ba, ci la nit ku set di wis-wisal ndox
mi ci kaw ki sobewu. Bésub juróom ñaareel
ba ca la koy settali. Su ko defee ka sobewu
fóot ay yéreem, sangu, bu jant sowee mu
daldi set.
20 Képp ku sobewu te setluwul, kooku
dees koy dagge ci mbooloo mi, ndax béreb
bu sell ñeel Aji Sax ji la sobeel. Gannaaw
wiseesu ko ndoxum setlu mi, sobewu na.
21 «Na leen loolu ñeel ci kaw dogalu yoon
bu sax dàkk. Ka doon wis-wisal ndoxum
setlu mi nag, na fóot ay yéreem, te ku laal ci
ndoxum setlu mi day yendoo sobe ba ca
ngoon.
22 Nit ki sobewu, mboolem lu mu laal
day sobewu, te ku laal ca loola it day
yendoo sobe ba ca ngoon.»

# 20

## *Diiŋat nañu Musaa ak Aaróona fa Meriba*

1 Mbooloom bànni Israayil gépp nag àgg
ca màndiŋu Ciin, ci biir weer wi njëkk ci at
mi*. Ñu daldi dal ca Kades. Fa la
Maryaama faatoo, ñu denc ko foofa.
2 Ci kaw loolu mbooloo ma dem ba ñàkk
ndox. Ñu daje ci kaw Musaa ak Aaróona.
3 Mbooloo ma jote faak Musaa, naa ko:
«Moo, lu nu tee woona dee keroog ba sunu
bokk ya deewee fa kanam Aji Sax ji?
4 Ana loo indee mbooloom Aji Sax ji ci
màndiŋ mii, nu di fi deesi doŋŋ, nook
sunug jur?
5 Ana loo nu jële woon Misra, di nu indi
fu bon fii? Du béreb bu nangu menn jiwu:
du figg, du reseñ, du gërënaat, te du siitum
ndox mu ñu naan!»
6 Ba loolu amee Musaa ak Aaróona
bàyyikoo ca mbooloo ma, dem ba ca bunt
xaymab ndaje ma. Ñu ne gurub, dëpp seen
jë fa suuf. Leeru Aji Sax ji nag feeñu leen.
7 Aji Sax ji wax ak Musaa, ne:
8 «Jëlal saw yet, nga dajale mbooloo mi,
yaak sa mag Aaróona, ngeen wax ak doj
woowu, ñuy gis, mu xelli am ndox. Te nga
sottil leen ndox mu jóge ci doj wi, nàndale
ko mbooloo mi, ñook seenug jur.»
9 Ba mu ko defee Musaa jële yet wa fa
kanam Aji Sax ji, na mu ko ko sante.
10 Musaa ak Aaróona nag dajale
mbooloo ma fa janook doj wa, Musaa ne
leen: «Yeen diiŋatkat yi, dégluleen ma fii!
Doj wii, tee nu leen cee génneel am ndox
boog?»
11 Ci kaw loolu Musaa yékkati loxoom,
dóor yetam ca doj wa ñaari yoon, ndox mu
bare wale ca, mbooloo ma daldi naan,
ñook seenug jur.
12 Aji Sax ji nag ne Musaa ak Aaróona:
«Gannaaw gëmuleen ma, ngir wormaal
sama sellaay fi kanam bànni Israayil, loolu
tax na dungeen yóbbu mukk mbooloo mii
ca réew ma ma leen jox.»
13 Loolooy walum Meriba, (muy firi Jote
ba). Fa la bànni Israayil jote woon ak Aji
Sax ji, ba mu biral sellaayam fa seen biir.

## *Edom bañ na*

14 Gannaaw gi, Musaa moo yebale ay
ndaw fa dëkk ba ñuy wax Kades, ñu dem
ca buurub Edom, ne ko: «Israayil say bokk
dañoo wax ne: Umplewoo mboolem
coono bi nu daj.
15 Sunuy maam a demoon Misra; dëkk
nanu Misra lu yàgg, waa Misra di nu
mitital, na woon ca sunuy maam.
16 Ci biir loolu nu woo Aji Sax ji wall, mu
dégg sunu yuux, daldi yebal malaaka, mu
génne nu Misra. Léegi nu ngi nii fi Kades,
dëkk bi digalook sam réew.
17 Ngalla nag may nu, nu jaare sam réew.
Dunu fi jaare benn tool, mbaa ab tóokëru
reseñ, dunu fi naane ndoxum benn teen.
Mbeddum buur daal lanuy topp, dunu

* **20.1** Jombul muy seen ñeent fukkeelu at, gannaaw seen wëreelu ba. Seetal ci saar 22—29; 33.38.

jàdd ndijoor ak càmmoñ, ba keroog nuy
génn sam réew.»
18 Buurub Edom nag ne leen: «Dungeen
jaare fi man de, lu ko moy saamar laay
génne, dajeek yeen.»
19 Ndawi bànni Israayil ne ko: «Sél wi
rekk lanuy topp, te ndox mu nu naan,
nook sunug jur, noo la koy fey. Ñaanunu
lenn lu moy doxe sunuy tànk, ba jàll.»
20 Mu ne leen: «Dungeen fi jaare mukk!»
Ci kaw loolu Edom génn ngir dajeek ñoom,
ànd ak gàngoor gu réy, gànnaayu ba diis.
21 Noonu la Edom lànke, mayul Israayil
mu jaare réewam, ba Israayil mujj teggi.

*Aaróona nelaw na*

22 Ci kaw loolu mbooloom bànni Israayil
gépp bàyyikoo Kades, ba ca tundu Or.
23 Aji Sax ji wax ak Musaa ak Aaróona, ca
Or, tund wa ca kemu réewum Edom. Mu
ne:
24 «Dees na tërali Aaróona fa ay bokkam.
Du dugg déy ca réew ma ma jox bànni
Israayil, gannaaw yeena gàntaloon sama
ndigal ca walum Meriba.
25 Àndal ak Aaróona ak doomam Elasar,
nga yéege leen ca kaw tundu Or.
26 Te nga summi yérey carxal yu
Aaróona, solal ko doomam Elasar. Aaróona
moom, dees koy tërali ca ay bokkam. Foofa
lay deewe.»
27 Ba loolu amee Musaa def la ko Aji Sax
ji sant, ñu ànd yéeg kaw tundu Or,
mbooloo ma mépp di gis.
28 Musaa summi yérey Aaróona, solal ko
doomam Elasar, Aaróona dee foofa ca kaw
tund wa, Musaa ak Elasar wàcc tund wa.
29 Mbooloo ma mépp nag xam ne
Aaróona dëddu na. Waa kër Israayil gépp a
ko jooy diiru fanweeri fan.

# 21

*Bànni Israayil am na ndam*

1 Kanaaneen ba, buurub Aràdd ba dëkke
woon Negew, moo dégg ne Israayil a ngay
jaare yoonu Atarim, di dikk. Mu xareek
Israayil, jàpp ñenn ca ñoom.
2 Ci kaw loolu Israayil xasal Aji Sax ji aw
xas, ne ko: «Soo tegee ba teg mbooloo mii
ci sunuy loxo déy, dinanu faagaagal seeni
dëkk.»
3 Aji Sax ji nangul Israayil, jébbal leen
Kanaaneen ña, ñu faagaagal leen, ñook
seeni dëkk. Ñu daldi woowe gox ba Xorma
(muy firi Lu ñu faagaagal).

*Lu jëm ci nattub jaan ya*

4 Ñu bàyyikoo tundu Or, jubal yoonu
géeju Barax ya, ngir teggi réewum Edom.
Mbooloo ma nag mujj xàddi ca yoon wa.
5 Ña ngay xultu ca kaw Yàlla ak Musaa,
naa: «Lu ngeen nu doon jële Misra, ngir nu
dee ci màndiŋ mi? Duw ñam, dum ndox, te
mànn mii, di ñamu toskare génnliku na nu!»
6 Ba loolu amee Aji Sax ji yebal ay jaan
yu seen daŋar di lakke ca biir mbooloo
ma, ñu màtt leen, ba ñu bare ci bànni
Israayil dee.
7 Mbooloo ma dikk ba ci Musaa, ne ko:
«Noo tooñ, ndax noo xultu ci kaw Aji Sax ji,
ak ci sa kaw. Tinul nu Aji Sax ji, mu teggil
nu jaan yi!» Musaa daldi tinul mbooloo
ma.
8 Aji Sax ji ne Musaa: «Defarlul jëmmu
jaan ju daŋar ji di lakke, nga wékk ko ci
bant. Su ko defee képp ku ñu màtt, boo ca
xoolee, mucc.»
9 Ci kaw loolu Musaa defarlu jaanu
xànjar, wékk ko ci bant, ba képp ku jaan
màtt, bu xoolee jaanu xànjar ja, daldi
mucc.

*Israayil daan na Sixon ak Og*

10 Bànni Israayil fabooti, dem ba dali fa
ñuy wax Obot,
11 jóge Obot, dali Yee Abarim, ca màndiŋ
ma janook Mowab, ca penku ba.
12 Foofa lañu faboo, dem ba dali ca
walum Seredd,
13 bàyyikooti foofa, dem ba dali ca wàllaa
dexu Arnon ga wale ca réewum Amoreen
ña te jaare ca màndiŋ ma. Dexu Arnon
googa, fa la réewum Mowab digalook
Amoreen ñi.
14 Moo tax téereb Xarey Aji Sax ji indi ko,
ne:
«Waxeb ga ca Sufa,
xuri Arnon yaak
15 xur ya bartalu,
jëm néegi Ar, leruji suufas Mowab.»
16 Fa lañu bàyyikoo, dem Beer, (muy firi
ab Teen); teen boobu, fa la Aji Sax ji noon

Musaa: «Dajaleel mbooloo mi, ma may leen ndox.»
17 Ca la Israayil woy woy wii:
«Teen bile walal, nu woy.
18 Ay garmee la bënn,
kàngami askan wi gase la yeti buur ak seen
banti bopp.»
Ñu jóge màndiŋ ma, dem ba Matana,
19 jóge Matana dem Naxaliyel, jóge
Naxaliyel, dem Bamot,
20 jóge Bamot ba ca xur wa ca àllub
Mowab, àkki nag njobbaxtalu tundu Pisga
wa tiim ndànd-foyfoy ga.
21 Ba loolu amee Israayil yebal ay ndaw
ca Sixon buurub Amoreen ña, ne ko:
22 «May nu, nu jaare sam réew. Dunu fi
jàdde benn tool mbaa ab tóokëru reseñ,
dunu fi naan ndoxum teen. Mbeddum
buur lanuy topp, ba keroog nuy jàll sam
réew.»
23 Sixon nag mayul Israayil, ñu jaarem
réewam, xanaa mu dajale gàngooram gépp,
sàqi, ngir dajejeek Israayil ca màndiŋ ma.
Mu dikk ba Yaxacc, song Israayil,
24 Israayil leel ko ñawkay saamar, nangu
seenum réew, dale ko Arnon ba Yabog, ba
àgg ca Amoneen ña, ndax kemu réewum
Amoneen ñaa fegu woon ba kenn manu
koo bëtt, jàll.
25 Israayil nangu dëkki Amoreen yooyu
yépp, daldi sance mboolem seeni dëkk,
boole ca Esbon aki dëkk-dëkkaanam.
26 Esbon moo doon péeyub Sixon buurub
Amoreen ña. Kookoo xare woon ak buuru
Mowab ba woon, moo nangu ciy loxoom
réewam mépp, ba Arnon.
27 Moo tax woykat ya ne:
«Ayca ca Esbon, ba tabaxees kooti;
na dëkkub Sixon jógati.
28 Lakk gaa nga jóge Esbon,
sawaraa bawoo dëkkub Sixon ba,
xoyomi Ar ga ca Mowab,
gor ñooña tiim dexu Arnon.
29 Mowabee ngalla yaw!
Sànku ngeenee, yeen askanu Kemos*,
mi wacc doomam yu góor, ñu daw,
doomam yu jigéen doon jaami Sixon
buurub Amor.
30 Noo leen fitt,
Esbon ba Dibon rajaxoo,
nu rajaxeeti ba Nofa, ba àkki Medeba.»
31 Israayil nag dëkke réewum Amoreen
ña.
32 Ba loolu amee Musaa yebal ay ndaw,
ñu yëri dëkk ba ñuy wax Yaser. Gannaaw
gi, bànni Israayil nangu dëkk-dëkkaan ya,
daldi fay dàqe Amoreen ña.
33 Ba mu ko defee ñu walbatiku, awe
yoonu Basan, Og buuru Basan ànd ak
gàngooram gépp, dajejeek ñoom, song leen
xare ca Eddrey.
34 Aji Sax ji ne Musaa: «Bu ko ragal, ndax
ci say loxo laa ko teg, mook gàngooram
gépp akum réewam, nga def ko na nga
defoon Sixon buurub Amoreen ba woon
fa Esbon.»
35 Ci kaw loolu ñu jam Og, mooki
doomam ak gàngooram gépp, ba desewul
kuy dund, ñu daldi nangu réewam.

## Balaam gis na céru barke bi ñeel Israayil

# 22

*(Saar 22—25)*

### *Buur Balag woo na Balaam wall*

1 Bànni Israayil demati ba dali ca joori
Mowab ca wàllaa dexu Yurdan, janook
Yeriko.
2 Fekk na Balag doomu Cippor gis
mboolem la bànni Israayil def Amoreen
ña.
3 Mowab nag am tiitaange ju réy ca
gàngooru bànni Israayil, ndax bare.
Mowab jàq na ba mu gisee bànni Israayil.
4 Ci kaw loolu Mowab giseek magi
Majan, ne leen: «Ndiiraan wii kat, ni nag di
forem parlu ba mu set, ni lañu nara ñédde
li nu wër lépp, ba mu set.»
Jant yooyu Balag doomu Cippor moo
doon buuru Mowab.
5 Mu yebal ay ndaw ca Balaam doomu
Bewor ngir woowi ko, ca Petor ga Balaam
cosaanoo, ca tàkkal dexu Efraat ngir ne ko:
«Balaam! Gàngoor a ngii jóge Misra. Ñu ngii
lal suuf si ba mu daj, te ñoo sanc, janook
man màkk.
6 Kon nag dikkal gaaw ñaanal ma yàlla
gàngoor gii, ngir ñoo ma ëpp doole. Jombul
ma duma leen, ba dàq leen réew mi, ndax

* **21.29** ***Kemos,*** tuurum Mowabeen ñi la woon.

xam naa ne koo ñaanal barke, mu barkeel,
te koo ñaanal alkànde, mu alku.»
7 Ci kaw loolu magi Mowab ànd ak magi
Majan, dem, yóbbaale ay weexal. Ba ñu
agsee ca Balaam, daldi koy àgge kàdduy
Balag.
8 Mu ne leen: «Fanaanleen fii guddig tey.
Tont lu ma ci Aji Sax ji sant rekk, dinaa
leen ko àgge.» Kàngami Mowab dal ak
Balaam.
9 Yàlla nag dikkal Balaam, ne ko: «Nit ñii
fi yaw, ñu mu doon?»
10 Balaam ne Yàlla: «Buuru Mowab Balag
doomu Cippor moo yónnee ci man, ne ma:
11 "Balaam, gàngoor a ngii jóge Misra, lal
suuf si ba mu daj. Dikkal gaaw móolul ma
leen. Jombul ma mana xareek ñoom, ba
dàq leen."»
12 Yàlla ne Balaam: «Bul ànd ak ñoom, te
bul ñaan-yàlla mbooloo ma, ndax ñooñu ñu
barkeel lañu.»
13 Ba Balaam jógee ca suba sa, da ne
kàngami Balag ya: «Delluleen seenum réew,
ndax Aji Sax ji bañ na; mayu ma ma ànd
ak yeen.»
14 Kàngami Mowab daldi dellu ca Balag,
ne ko: «Balaam de bañ naa ànd ak nun.»
15 Balag dellu yebal kàngam yu gëna
bare, te gëna kawe.
16 Ñooña dem ba ca Balaam, ne ko:
«Balag doomu Cippor dafa wax ne:
"Ngalla, bu la dara teree dikk, wuyusi ma.
17 Maa lay teral teraanga ju réya réy. Loo
ma wax, ma def. Dikkal rekk, móolul ma
gàngoor gii."»
18 Balaam tontu surgay Balag, ne leen:
«Bu ma Balag doon jox këram ba mu fees
ak xaalis ak wurus sax, duma mana def
lenn lu tuut mbaa lu réy, lu tebbi sama
ndigalu Yàlla Aji Sax ji.
19 Waaye yeen it dalleen fii guddig tey,
ba ma xam lu ma Aji Sax jiy waxaat.»
20 Ci kaw loolu Yàlla dikkal Balaam ca
guddi ga, ne ko: «Gannaaw woosi la mooy
tànki ñii, àndal ak ñoom. Waaye nag lu ma
la wax rekk, def ko.»

### *Mbaam yedd na boroom*

21 Ca ëllëg sa Balaam takk mbaamam,
ànd ak kàngami Mowab, dem.
22 Ba loolu amee sànjum Yàlla tàkk ndax
yoon wa mu sumb. Malaakam Aji Sax ji
nag taxaw ca yoon wa, nara jànkoonte ak
moom, moom mu war mbaamam, ànd ak
ñaari surgaam.
23 Ci kaw loolu mbaam ma gis
malaakam Aji Sax ji taxaw ca digg yoon
wa, xàcc saamaram. Mbaam ma ne
walbit, wàcc yoon wa, topp àll ba. Balaam
dóor mbaam ma, waññi ko ba ca yoon wa.
24 Ba mu ko defee malaakam Aji Sax ji
taxawi fu yoon wa def ñall wu sew wu
jaare digg tóokëri reseñ, ñaari miir séq ko.
25 Mbaam ma gis malaakam Aji Sax ji,
daldi tafu ca miir ba, ba tancaale ca tànkub
Balaam. Balaam dellu ko dóor.
26 Malaakam Aji Sax ja dellu jiitu, ba
taxawi fu xat, ba maneesula weesalook
moom, du ndijoor, du càmmoñ.
27 Mbaam ma gis malaakam Aji Sax ja,
daldi ne wàpp goor ca suufu Balaam, xol
ba fuddu, mu dóorati mbaam ma yet wa.
28 Ba loolu amee Aji Sax ji tijji gémmiñu
mbaam mi, mu ne Balaam: «Ana lu ma la
def, ba ñetti yoon a ngii nga di ma dóor?»
29 Balaam ne mbaam mi: «Yaa may
foontoo, su ma yoroon saamar, léegi laa
lay rey!»
30 Mu ne ko: «Xanaa du maay sa mbaam
mi ngay war bu yàgg ba nga ma moomee,
ba tey jii? Dama laa masa def nii?» Mu ne
ko: «Déedéet.»
31 Aji Sax ji nag ubbi bëti Balaam, mu gis
malaakam Aji Sax ja, mu taxaw ca yoon
wa, xàcc saamaram. Mu ne gurub sukk,
dëpp jëëm fa suuf.
32 Malaakam Aji Sax ji ne ko: «Lu tax
ngay dóor sa mbaam mi ñetti yoon nii?
Man mii maa dikk, jànkoonteek yaw, ndax
yoonu sànkute laa gis.
33 Mbaam mi moo ma gis, teggi ma ba
muy ñetti yoon nii. Bu ma teggiwuloon
déy, yaw laay rey; moom, ma ba ko, mu
dund.»
34 Balaam ne malaakam Aji Sax ji: «Maa
tooñ, ndax xawma woon ne yaa taxaw,
dogale ma ci yoon wi. Léegi nag su la yoon
wi neexul, ma daldi dëpp.»
35 Malaakam Aji Sax ji ne Balaam:
«Àndal ak nit ñi, waaye daal lu ma la
waxloo rekk, wax ko.» Balaam nag ànd ak
kàngami Balag, dem.

### *Balaam tase na ak Balag*

36 Ba loolu amee Balag dégg ne Balaam a
ngay ñëw, mu gatanduji ko ca dëkku
Mowab, ba digalook dexu Arnon, ca catu
réew ma.
37 Balag ne Balaam: «Xanaa yeblewuma
woon, ba yebleeti, di la woolu? Lu la tee
woona ñëw? Am dama laa manula teral?»
38 Balaam ne Balag: «Maa ngii, wuyusi
la, waaye mbaa sañ naa waxal sama bopp
lenn? Kàddu gu ma Yàlla waxloo de, moom
laay wax.»
39 Ci kaw loolu Balaam ànd ak Balag ba
Kiryaat Xuccot.
40 Balag daldi sarxe ay nag aki gàtt, sédd
ca Balaam ak kàngam ya ko dar.
41 Ca suba sa Balag ànd ak Balaam, yéeg
ba ca kaw bérebi jaamookaay ya ñu dippee
tuur ma ñuy wax Baal, mu tollu fa di séen
lenni catu mbooloo ma.

# 23

### *Balaam ñaanal na Israayil*

1 Ba loolu amee Balaam ne Balag:
«Tabaxal ma fii juróom ñaari sarxalukaay,
te waajalal ma fi juróom ñaari yëkk yu
ndaw, ak juróom ñaari kuuy.»
2 Balag def na Balaam wax, Balag ak
Balaam ku ci nekk sarxal wenn yëkk ak
menn kuuy ci sarxalukaay bu nekk.
3 Balaam ne Balag: «Taxawal fii ci sa
saraxu rendi-dóomal, ma dem ba nee.
Jombul Aji Sax ji dikk, dajeek man. Mbir
mu mu ma won, dinaa la ko àgge.» Mu
daldi dem ba ca kaw tund wu ndaw wu
dara saxul.
4 Ba loolu amee Yàlla dikk, dajeek
Balaam, Balaam ne ko: «Juróom ñaari
sarxalukaay yi, yékkati naa leen te
sarxalukaay bu ci nekk, sarxal naa ci
wenn yëkk ak menn kuuy.»
5 Aji Sax ji nag yeb kàddu ci gémmiñu
Balaam, daldi ne ko: «Dellul ca Balag, te
nga waxe noonu.»
6 Balaam dellu ca moom, fekkul lu moy
mu taxaw ca saraxu dóomalam, moom ak
kàngami Mowab yépp.
7 Balaam yékkati kàddug ñaanam, ne:
«Fa Aram la ma Balag buuru Mowab jële,
foofa ca tundi penku ya, ne ma:
“Kaay ñaanal ma yàlla Yanqóoba.
Dikkal rëbbal ma Israayil mii.”
8 Moo! Nu may móoloo ku Yàlla móoluwul?
Ana nu may rëbbe ku Aji Sax ji rëbbul?
9 Kaw doj yii laa tollu di leen séen,
fi kawte yii laa leen jéere.
Aw askan a ngii, dëkke fu beru,
te bokkuñu ak xeet yi.
10 Ana kuy lim feppi suuf, ba lim askanu
Yanqóoba?
Ku mana waññ xaajaatub Israayil gii?
Man de, yal naa dee deewinu aji jub ñii,
yal na sama muj mel ni gu askan wii!»

### *Balaam baamu na ñaanam*

11 Ba loolu amee Balag ne Balaam: «Yaw,
li nga ma def nag? Móolu samay noon laa
la jële, yaw defoo lenn lu moy ñaanal
leen?»
12 Mu ne ko: «Xanaa du kàddu gu Aji Sax
ji yeb sama gémmiñ, moom laa wara
sàmm, ngir wax ko?»
13 Balag ne ko: «Kaay rekk, topp ma, ba
feneen fooy tollu di leen gis. Seen cat
doŋŋ ngay gis nag, waaye doo leen gis
ñoom ñépp. Su ko defee nga móolul ma
leen foofu.»
14 Mu daldi koy yóbbu ba ca toolub
Cofim, ca collu tundu Pisga. Ci kaw loolu
mu tabax fa juróom ñaari sarxalukaay,
sarxalukaay bu nekk, mu sarxalati fa yëkk
wu ndaw ak am kuuy.
15 Balaam ne Balag: «Taxaweel nii ci sa
saraxu rendi-dóomal, man ma séentuji
nee.»
16 Ba loolu amee Aji Sax ji dajeek
Balaam, daldi yeb kàddu ci gémmiñam, ne
ko: «Dellul ca Balag, te nga waxe noonu.»
17 Mu dem ba ca moom, fekku ko lu moy
mu taxaw ca wetu saraxu rendi-dóomalam,
mook kàngami Mowab. Balag ne ko: «Lu
Aji Sax ji wax?»
18 Balaam daldi yékkati kàddug ñaanam,
ne:
«Jógal dégloo, Balag,
teewlu maa, doomi Cippor.
19 Yàlla du nit, bay fen,
du doom aadama bay tuub.
Moom wax na lu mu deful a?
Am àddu na lu mu sottalul?
20 Kàddug barkeel gii laa jot ndigalam,
Yàllaa barkeel, duma ko tebbi.
21 Séeneesul aw ay ci askanu Yanqóoba,

giseesul aw naqar ci xeetu Israayil wii.
Seen Yàlla Aji Sax jee ànd ak ñoom,
njiinum buur a jibe fa seen biir.
22 Yàllaa leen jële Misra,
féete leen fa ay béjjén féete nagu àll.
23 Ñeengo jàppul Yanqóoba,
gisaane gisul Israayil gii.
Lu jot rekk, àggees ko Yanqóoba:
ne ko: "Israayiloo, lii la Yàlla def."
24 Wii askan ni gaynde lay jóge,
ni gayndeg sibi lay faboo,
du goor te yàppul am pàdd,
deret ja tuuru, mu xab.»
25 Ba loolu amee Balag ne Balaam: «Boo
leen móoluwul benn yoon kay, bu leen
ñaanal ba doyal boog!»
26 Balaam ne ko: «Xanaa waxuma la
woon ne la lépp lu Aji Sax ji wax, loolu
laay def?»
27 Balag ne ko: «Kaay rekk, ma yóbbu la
feneen. Jombul Yàlla nangu nga móolool
ma leen foofu.»
28 Balag yóbbu Balaam ba ca collu tundu
Pewor, wa tiim ndànd-foyfoy ga.
29 Balaam ne Balag: «Tabaxal ma fii
juróom ñaari sarxalukaay, te nga waajalal
ma fi juróom ñaari yëkk yu ndaw, ak
juróom ñaari kuuy.»
30 Balag def na Balaam wax, ba noppi
sarxal aw yëkk wu ndaw ak am kuuy ci
kaw sarxalukaay bu nekk.

# 24

### *Balaam ñaanalati na Israayil*

1 Balaam nag gis ne Aji Sax ji la neex mu
barkeel Israayil, ba tax sàkkootul ay takk
na woon, xanaa mu walbatiku, janook
màndiŋ ma.
2 Ci kaw loolu Balaam dawal bëtam,
daldi séen Israayil, na ñu dale topp seeni
giir, leerug Yàlla daldi koy dikkal.
3 Ba mu ko defee mu yékkati kàddug
ñaanam, ne:
«Kàddug Balaam a ngi, doomu Bewor,
kàddug waa jiy boroom gis,
4 kàddug kiy dégg waxi Yàlla,
Aji Man ji wonem peeñu, mu gis,
kiy daanu leer, te ay gëtam muriku.
5 Yanqóobaa, yaaka yànji xayma!
Israayil, laa ne, yaaka taaruy màkkaan!
6 Ña nga ne màww ni tooli tàndarma,
nirooteek tóokëri tàkkal dex,
mbaa garabu alowes gu xeeñ gu Aji Sax ji
jëmbat,
mbaa garabi seedar yu saxe wali ndox.
7 Ndox maay wale cay bagaanam,
am jiwoom màndim ndox,
buuram nara sut Buur Agag,
nguuram jóg ba kawe.
8 Yàllaay ki ko jële Misra,
féete ko fa ay béjjén féete nagu àll.
Mooy warax xeet yi ko jógal,
dammat leen, jamat leeni fittam.
9 Israayil a ngi yuug aka goor ni gaynde,
mbete gayndeg sibi, ana ku koy yee?
Ku ko ñaanal barke, yaay barkeel;
ku ko ñaanal alkànde, yaay alku.»

### *Balaam gis na ëllëgu Israayil*

10 Ba loolu amee Balag sànju ci kaw
Balaam, daldi fenqey loxoom. Ci kaw
loolu Balag ne Balaam: «Móolu samay
noon laa la woowe woon, yaw defoo lu
moy ñaanal leen a ñaanal, ba muy ñetti
yoon nii!
11 Léegi nag, laggal ñibbi. Noon naa la
dinaa la teral bu baax, waaye mu ngoog,
Aji Sax jee la xañ teraanga.»
12 Balaam ne Balag: «Xanaa du sa ndaw
yi nga yebaloon ci man sax, waxoon naa
leen ne leen,
13 su ma Balag joxoon këram ba mu fees
ak xaalis ak wurus sax, duma mana def ci
sama coobarey bopp, lenn lu baax mbaa
lu bon, lu tebbi ndigalu Yàlla Aji Sax ji? Li
Aji Sax ji wax rekk, moom laay wax.
14 Léegi nag maa ngi dellu ca saay bokk,
waaye kaay, ma xamal la li xeet wii di def
saw xeet, fan yu mujj ya.»
15 Ci kaw loolu mu yékkati kàddug
ñaanam, ne:
«Kàddug Balaam a ngi, doomu Bewor,
kàddug waa jiy boroom gis,
16 kàddug kiy dégg waxi Yàlla,
kiy xame ca xam-xamu Aji Kawe ji,
Aji Man ji wonem peeñu, mu gis,
kiy daanu leer, te ay gëtam muriku.
17 Maa ngi koy gis, te du tey,
maa ngi koy niir, te jubseegul;
biddiiw a feqe fa Yanqóoba,
yetu nguur a yékkatikoo fa Israayil,

daldi toj boppi Mowab,
toj kaaŋi mboolem askanu Set.
18 Edom, mu moom; Seyir, noonam, muy boroom;
Israayil def jaloore.
19 Fa Yanqóoba la buur di bawoo,
dem ñéddi ndesu dëkk ba.»

*Balaam gis na mujug nooni Israayil*

20 Ci kaw loolu Balaam geesu réewum
Amaleg, dellu yékkati kàddug ñaanam, ne:
«Amaleg moo sutu xeet, te sànku lay mujje.»
21 Mu teg ca geesu réewum Keñeen ña,
yékkateeti kàddug ñaanam, ne:
«Keñeen ñee wér ab dëkkuwaay,
seenub tàgg a làqoo biir doj.
22 Waaye réewum Keñeen gépp ay xoyomu,
ba leen Asur di yóbbuji njaam.»
23 Mu dellooti yékkati kàddug ñaanam, ne:
«Wóoy kuy dund, keroog bu Yàlla dogalee lii?
24 Ay gaal ay jóge tefesu Kitim,
néewalsi doole Asur, néewalsi doole Eber.
Waaye ñoom it dañuy mujj sànku.»
25 Ci kaw loolu Balaam ñibbi am réewam,
Balag it demu yoonam.

# 25

*Bànni Israayil bokkaale na ca réewum Mowab*

1 Ci kaw loolu Israayil dale fa Sitim.
Mbooloo ma nag tàmbali di moy ak jigéeni
Mowab.
2 Jigéen ña di woo mbooloo ma ca seen
saraxi tuur ya, mbooloo ma di lekk aka
sujjóotal seeni tuur.
3 Israayil nag taqook tuur ma ñuy wax
Baal Pewor, ba sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil.
4 Aji Sax ji ne Musaa: «Jàppal njiiti
mbooloo mi yépp, nga wékk leen ci bant fi
kanam Aji Sax ji, bëccëg ndarakàmm, ngir
sànjum Aji Sax ji dëddu Israayil.»
5 Musaa ne àttekati Israayil: «Na ku nekk
ci yeen rey nitam ñi taqook Baal Pewor.»
6 Ci biir loolu rekk, jenn waayu bànni
Israayil dikk, indaale senn ndawas waa
Majan ci biiri bokkam, Musaa ak
mbooloom Israayil mépp di gis, fekk ñoom
ñuy jooyoo fa bunt xaymab ndaje ma.
7 Fineyas, doomu Elasar, doomu
sarxalkat ba Aaróona, gis loolu, daldi jóge
ca mbooloo ma, jël ab xeej.
8 Mu topp waayi Israayil ja ba ca biir
néeg ba, daldi leen boole bennub xeej,
ñoom ñaar, jam waayi Israayil ji, ba
jamaale ndaw si ci biir. Ba mu ko defee
mbas ma jotoona dal ca kaw bànni Israayil
daldi dakk.
9 Ña dee ca mbas ma nag di ñaar fukki
junneek ñeent (24 000).
10 Ba loolu weesoo Aji Sax ji wax Musaa,
ne ko:
11 «Fineyas, doomu Elasar, doomu
sarxalkat bi Aaróona, moo moyale Israayil
sama sànj, ndax sama fiiraange gi mu ma
fiirlee ci seen biir, ba sànkuma bànni
Israayil ci sama biir fiiraange.
12 Kon nag nee ko: Maa ngii di ko baaxe
sama kóllëreg jàmm,
13 mu ñeel ko, mook askan wi koy
wuutu, te di kóllëreg carxal gu sax dàkk,
ndax moo fiire Yàllaam, ba jot bànni
Israayil.»
14 Waayi bànni Israayil ja ñu jamoon, te
boole kook ndawas Majan sa jam, mooy
Simri doomu Salu. Kilifag kër maamam la
woon ca Cimyoneen ña.
15 Ndawas Majan sa ñu jam di Kosbi.
Baayam Cur doonoon kilifag kër maamam
ca giirug Majan ga mu bokk.
16 Ci kaw loolu Aji Sax ji wax Musaa, ne
ko:
17 «Noonooleen waa Majan yii, te rey leen,
18 ndax ñoom ñoo leen noonoo woon ba
ñu leen woree ca mbirum Pewor ma, ak
itam ca mbirum ndaw sa Kosbi, seen
mbokk may doomu kilifag Majan ja, te ñu
jam ko keroog bésu mbas ma sababoo ca
mbirum Baal Pewor, tuur ma.»

## Israayil dégg na ab artoom balaa dugg Kanaan

*(Saar 26–36)*

*Ñaareelu limeefu bànni Israayil taxaw na*

19 Gannaaw ba mbas ma wéyee,

# 26

1 Aji Sax ji dafa wax Musaa, ak Elasar
doomu Aaróona sarxalkat ba, ne leen:

2 «Waññleen mbooloom bànni Israayil
gépp, ngeen lim turi góor ñépp, na ñu
bokke seen këri maam, dale ko ci ñi am
ñaar fukki at, jëm kaw, mboolem ñi xare
war ci bànni Israayil.»
3 Musaa ak Elasar sarxalkat ba wax ak
ñoom ca joori Mowab, fa janook Yeriko ca
wetu dexu Yurdan; ñu ne leen
4 ñi dale ci ñaar fukki at, jëm kaw lees di
lim, na ko Aji Sax ji sante Musaa. Lii moo
di limeefu nit ña soqikoo ci bànni Israayil,
ña génne woon Misra:

5 Ruben moo doon taawub Israayil. Ñi
askanoo ci Ruben ñoo di Enog mi sos làngu
Enogeen ñi, ak ñoom Palu, Palu mi sos
làngu Paluween ñi,
6 ak ñoom Esron, Esron mi sos làngu
Esroneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Karmi mi
sos làngu Karmeen ñi.
7 Làngi Rubeneen ñaa ngoogu, ña ñu ca
lim di ñeent fukki junneek ñett ak juróom
ñaari téeméer ak fanweer (43 730).
8 Palu moo meññ Elyab,
9 Elyab meññ Nemwel ak Datan ak
Abiram. Datan ak Abiram ñooñii
doonooni njiit ca mbooloo ma, ñoo doon
diiŋat Musaa ak Aaróona. Ña nga bokkoon
ca gàngooru Kore, ba ñuy diiŋat Aji Sax ji,
10 ba suuf sa xar, boole leen ak Kore,
wann, keroog ba gàngoor ga sànkoo, te
sawara wa lakk ñaari téeméeri nit ak
juróom fukk, ñu daldi doon firnde luy
artoo.
11 Doomi Kore ya nag deewuñu ca.

12 Ñi askanoo ci Simeyon, ñook seeni
làng ñoo di ñoom ñi bokk ci Nemwel mi sos
làngu Nemweleen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Yamin mi sos làngu Yamineen ñi, ak ñoom
ñi bokk ci Yakin mi sos làngu Yakineen ñi,
13 ak ñoom ñi bokk ci Sera mi sos làngu
Ceraxeen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Sawul mi
sos làngu Cawuleen ñi.
14 Làngi Cimyoneen ñaa ngoogu, di ñaar
fukki junneek ñaar ak ñaari téeméer
(22 200).

15 Ñi askanoo ci Gàdd, ñook seeni làng
ñoo di ñoom ñi bokk ci Cefon mi sos làngu
Cefoneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Agi mi sos
làngu Ageen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Suni mi
sos làngu Cuneen ñi,
16 ak ñoom ñi bokk ci Osni mi sos làngu
Osneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Eri mi sos
làngu Ereen ñi,
17 ak ñoom ñi bokk ci Arodd mi sos làngu
Aroddeen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Areli mi
sos làngu Areleen ñi.
18 Làngi Gàddeen ñaa ngoogu, ña ñu leen
limal di ñeent fukki junneek juróomi
téeméer (40 500).
19 Am na nag doomi Yuda yu ñuy wax Er
ak Onan. Waaye Er ak Onan ca réewum
Kanaan lañu faatoo.
20 Ñi askanoo ci Yuda, ñook seeni làng
ñoo di ñoom ñi bokk ci Sela mi sos làngu
Celaneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Peres mi
sos làngu Pereseen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Sera mi sos làngu Ceraxeen ñi.
21 Ñi askanoo ci Peres ñoo di ñoom ñi
bokk ci Esron mi sos làngu Esroneen ñi, ak
ñoom ñi bokk ci Amul mi sos làngu
Amuleen ñi.
22 Làngi Yudeen ñaa ngoogu, ña ñu leen
limal di juróom ñaar fukki junneek juróom
benn ak juróomi téeméer (76 500).

23 Ñi askanoo ci Isaakar, ñook seeni làng
ñoo di Tola mi sos làngu Toleen ñi, ak ñoom
ñi bokk ci Puwa mi sos làngu Puween ñi,
24 ak ñoom ñi bokk ci Yasub mi sos làngu
Yasubeen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Simron mi
sos làngu Cimroneen ñi.
25 Làngi Isaakar a ngoogu. Ña ñu leen
limal di juróom benn fukki junneek ñeent
ak ñetti téeméer (64 300).

26 Ñi askanoo ci Sabulon, ñook seeni làng
ñoo di ñoom ñi bokk ci Seredd mi sos làngu
Cereddeen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Elon mi
sos làngu Eloneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Yaxleel, mi sos làngu Yaxleleen ñi.
27 Làngi Cabuloneen ñaa ngoogu, ña ñu
leen limal di juróom benn fukki junni ak
juróomi téeméer (60 500).

28 Ñi askanoo ci Yuusufa nag, ñook seeni
làng, ñoo soqikoo ci Manase ak Efrayim.
29 Ñi soqikoo ci Manase ñoo di ñoom ñi
bokk ci Makir mi sos làngu Makireen ñi.
Makir moo jur Galàdd. Ci Galàdd la làngu
Galàddeen ñi soqikoo.
30 Ñii ñoo askanoo ci Galàdd: Yeser mi
sos làngu Yesereen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Eleg mi sos làngu Elegeen ñi,

31 ak Asriyel mi sos làngu Asriyeleen ñi,
ak Sikem mi sos làngu Cikemeen ñi,
32 ak Semida mi sos làngu Cemideen ñi,
ak Efer mi sos làngu Efereen ñi.
33 Celofat doomu Efer nag amuloon
doom ju góor, xanaa aw jigéen doŋŋ.
Doomi Celofat yu jigéen di Maxla ak Nowa
ak Ogla ak Milka ak Tirca.
34 Làngi Manasee ngoogu, ña ñu leen
limal di juróom fukki junneek ñaar ak
juróom ñaari téeméer (52 700).
35 Ñii nag ñoo askanoo ci Efrayim, ñook
seeni làng: ñoom ñi bokk ci Sutelax mi sos
làngu Cutelaxeen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Beker mi sos làngu Bekereen ñi, ak ñoom ñi
bokk ci Taxan mi sos làngu Taxaneen ñi.
36 Ñii nag, askanu Sutelax lañu: ñoom ñi
bokk ci Eran, ak làngu Eraneen ñi mu sos.
37 Làngi Efrayim a ngoogu, ña ñu leen
limal di fanweeri junneek ñaar ak juróomi
téeméer (32 500).

Ñooñoo askanoo ci Yuusufa, ñook seeni
làng.
38 Ñi askanoo ci Beñamin, ñook seeni làng
ñoo di ñoom ñi bokk ci Bela mi sos làngu
Beleen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Asbel mi sos
làngu Asbeleen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Axiram mi sos làngu Axirameen ñi,
39 ak ñoom ñi bokk ci Sufam mi sos làngu
Cufameen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Ufam mi
sos làngu Ufameen ñi.
40 Askanu Bela wi sosoo ci Àrd ak
Naaman ñoo di làngu Àrdeen ñi, ak làngu
Naameen ñi sëtoo ci Naaman.
41 Ñooñoo askanoo ci Beñamin, ñook
seeni làng, ña ñu leen limal di ñeent fukki
junneek juróom ak juróom benni téeméer
(45 600).
42 Ñii nag ñoo askanoo ci Dan, ñook seeni
làng: ñoom ñi bokk ci Suxam ak làngu
Cuxameen ñi. Daneen ñaa ngoogu, na ñu
lime seeni làng.
43 Mboolem làngi Cuxameen, ña ñu leen
limal juróom benn fukki junneek ñeent la,
ak ñeenti téeméer (64 400).
44 Ñi askanoo ci Aser, ñook seeni làng ñoo
di ñoom ñi bokk ci Imna mi sos làngu
Imneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Iswi mi sos
làngu Isween ñi, ak ñoom ñi bokk ci Berya
mi sos làngu Beryeen ñi.
45 Waa askanu Berya ñoo di ñoom ñi
bokk ci Eber mi sos làngu Ebereen ñi, ak
ñoom ñi bokk ci Malkiyel mi sos làngu
Malkiyeleen ñi.
46 Doomu Aser ju jigéen nag moo di Sera.
47 Làngi Asereen ñaa ngoogu, ña ñu leen
limal di juróom fukki junneek ñett ak
ñeenti téeméer (53 400).
48 Ñi askanoo ci Neftali ñook seeni làng
ñoo di ñoom ñi bokk ci Yàcceel, mi sos làngu
Yàcceleen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Gunni mi
sos làngu Guneen ñi,
49 ak ñoom ñi bokk ci Yeccer mi sos làngu
Yecereen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Silem mi
sos làngu Cilemeen ñi.
50 Neftaleen ñaa ngoogu, ñook seeni làng,
ña ñu leen limal di ñeent fukki junneek
juróom ak ñeenti téeméer (45 400).
51 Limeefu bànni Israayil a ngoogu, di
juróom benni téeméeri junneek benn ak
juróom ñaari téeméer ak fanweer (601 730).

### *Lu jëm ci séddaleb réew ma*

52 Aji Sax ji nag wax Musaa, ne ko:
53 «Ñii lees di séddale réew mi, te na cér yi
dëppook limu nit ñi.
54 Làng gu gëna mag, na am cér bu gëna
mag, làng gu gëna tuut, am cér bu gëna
tuut, làng gu ci nekk, cér bi dëppook ab
limam lees koy jox.
55 Ab tegoo bant doŋŋ lees di séddalee
réew mi, te seen limu giiri maam ya ñu
bokk, na dëppook seenub cér.
56 Ci kaw tegoo bant lees di dogale céru
giir gu ñu bare séq, ak gu ñu néew séq.»

### *Ñaareelu limeefu Leween ñi taxaw na*

57 Ñii nag lañu limal Leween ñi ak seeni
làng: ñoom ñi bokk ci Gerson mi sos làngu
Gersoneen ñi, ak ñoom ñi bokk ci Keyat mi
sos làngu Keyateen ñi, ak ñoom ñi bokk ci
Merari mi sos làngu Merareen ñi.
58 Ñii itam ci làngi Leween lañu: làngu
Libneen ñi, ak làngu Ebroneen ñi, ak làngu
Maxleen ñi, ak làngu Museen ñi, ak làngu
Koreen ñi. Keyat nag mooy maamu
Amram;
59 soxnas Amram di Yokebedd doomu
Lewi, ja juddoo Misra. Yokebedd am ak
Amram Aaróona ak Musaa ak Maryaama,
seenub jigéen.

60 Aaróona moo jur Nadab ak Abiyu ak
Elasar ak Itamar.
61 Nadab ak Abiyu ña nga dee keroog ba
ñu taalalee Aji Sax ji cuuraay lu warul.
62 Ña ñu limal Leween ñi nag ñaar fukki
junneek ñett lañu (23 000), di mboolem
góor ña am weer, jëm kaw, te limaaleesu
leen ak bànni Israayil ga ca des, ndax
joxeesu leen ab cér ci biir bànni Israayil.

## *Tëj nañu limeef ya*

63 Ñooñu lañu lim ci njiital Musaa ak
Elasar sarxalkat ba, ba ñu tënkee limeefu
bànni Israayil ca joori Mowab, ga janook
Yeriko, ca tàkkal dexu Yurdan.
64 Ñooñu, kenn desul ca seen biir, te
bokkoon ca limeefu bànni Israayil, ba
Musaak Aaróona sarxalkat ba njëkkoona
tënke ca màndiŋu Sinayi.
65 Ndax ci ñoom ñi bokk ci la Aji Sax ji
noon dee rekk lañuy def ba jeex ca màndiŋ
ma. Kenn desu ca, ku dul Kaleb doomu
Yefune, ak Yosuwe doomu Nuun.

# 27

## *Lu jëm ci jigéen ñi ak seen céri suuf*

1 Ci kaw loolu ay doomi Celofat yu jigéen
jóg. Seen baay Celofat, Efer ay baayam,
Efer, Galàdd ay baayam, Galàdd, Makir ay
baayam, Makir, Manaseey baayam mi
bokk ci Manaseen ya, Manase, Yuusufaay
baayam. Jigéen ñooñu ñoo di Maxla ak
Nowa ak Ogla ak Milka ak Tirca.
2 Ñoo taxaw fa kanam Musaa, ak Elasar
sarxalkat ba, ak njiit ya, ak mbooloo ma
mépp, ca bunt xaymab ndaje ma. Ñu ne:
3 «Sunu baay daa dee ca màndiŋ ma.
Moom nag bokkuloon ca gàngooru Kore,
ga daje woon ci kaw Aji Sax ji, waaye
bàkkaaru boppam a ko rey. Bàyyiwul nag
doom ju góor.
4 Waaye lu tax ñu génne sunu turu baay
ci làngam gi mu bokk, ndax ñàkk doom ju
góor? Joxleen nu sunub cér ci biir wàll wi
sunu bokki baay yu góor bokk ak sunu
baay kay!»
5 Ci kaw loolu Musaa jébbal Aji Sax ji
àtteb jigéen ña.
6 Aji Sax ji wax Musaa ne ko:
7 «Li doomi Celofat yi wax dëgg la. Danga
leen di jox kay, ab cér ci biir wàll wi seen
baay bokk ak bokkam yu góor. Su ko defee
nga féetale leen seen céru suufu baay.
8 «Te nga wax bànni Israayil, ne leen:
“Bu ku góor deewee te bàyyiwul doom ju
góor, doomam ju jigéen ngeen di jox céru
suufam.
9 Su amul doom ju jigéen nag, góor ñi mu
bokkal waajur ngeen di jox céru suufam.
10 Su amul góor gu mu bokkal waajur,
góor ña baayam bokkal waajur, ñoom
ngeen di jox céru suufam.
11 Su baayam amul góor gu mu bokkal
waajur, mbokkam mu ko gëna jege ci biir
làngam, moom ngeen di jox céru suufam.
Kookooy donn cér ba. Na loolu di dogalu
yoon, ñeel bànni Israayil, noonu ko Aji Sax
ji sante Musaa.”»

## *Yosuwe wuutu na Musaa*

12 Gannaaw loolu Aji Sax ji ne Musaa:
«Yéegil ca kaw tundu Abarim wee, nga
séentu réew mi ma jox bànni Israayil.
13 Boo ko séentoo ba noppi, yaw itam
dees na la tërali ca say bokk, ni sa mag
Aaróona,
14 gannaaw yeena diiŋat sama ndigal ca
màndiŋu Ciin, fa mbooloo ma jote woon ak
man. Yeena wormaalul sama sellaay ca
kanam mbooloo ma, ca ndox ma. Mooy
walum Meriba ma woon ca Kades, ca
màndiŋu Ciin.»
15 Musaa nag wax Aji Sax ji, ne ko:
16 «Aji Sax ji, yaw Yàllay bépp boroom
bakkan bu bindoo aw suux, ngalla tabbal
nit ku jiite mbooloo mi,
17 kuy xareji, jiite leen, délsi, jiite leen, di
leen yóbbu, di leen delloosi, ba mbooloom
Aji Sax ji baña mel ni xar yu amul sàmm.»
18 Aji Sax ji ne Musaa: «Jëlal Yosuwe
doomu Nuun. Nit la ku fit fees. Nanga ko
teg sa loxo, sase ko noonu.
19 Taxawal ko fi kanam Elasar sarxalkat
bi, ci kanam mbooloo mépp, te nga sas ko
ci seen kanam,
20 daldi koy sédd lenn ci sa daraja, ngir
mbooloom bànni Israayil mépp déggal ko.
21 Ca Elasar sarxalkat bi nag la war di
dem, ngir mu di ko seetal fi kanam Aji Sax
ji, lu Urim, jumtukaayu tegtal bi, feeñal. Ci
ndigalal Elasar nag lañuy génne, te ci
ndigalam it lañuy dellusee, moom Yosuwe,

ak mboolem bànni Israayil giy ànd ak
moom, mbooloo mépp.»
22 Ba mu ko defee Musaa def, na ko Aji
Sax ji sante. Mu ànd ak Yosuwe, taxawal
ko fa kanam Elasar sarxalkat bi, ak
mbooloo mépp.
23 Musaa nag teg Yosuwe ay loxoom,
daldi koy sas, na ko Aji Sax ji santaanee,
mu jottali.

# 28

## *Bés bu nekk laaj na ab sarax*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
2 «Santal bànni Israayil ne leen sama
sarax, sama ñam wi jëm ci sama saraxi
sawara ngir xetug jàmm, ñeel ma, nañu
farlu ci di ma ko indil saa yu àppam jotee.
3 Nga waxleen ne leen, lii moo di saraxu
sawara bi ñuy indil Aji Sax ji: ay kuuyu
menn at yu mucc sikk, ñaar ci bés bi, muy
saraxu rendi-dóomal bi war bés bu nekk.
4 Menn kuuy mi, ngeen sarxal ko ci
suba, ñaareel bi, ngeen sarxal ko diggante
ngoon ak jant bu so.
5 Benn fukkeelu efab sunguf su mucc
ayib, tollu ci ñetti kilo, mooy saraxu pepp
bi kuuy mu nekk di àndal, ñu tooyale ko
walaatu xiinu diwu segalu oliw, tollu ci
liitar.
6 Looloo di rendi-dóomal bi war bés bu
nekk, na ñu ko dogale woon ca tundu
Sinayi, ngir xetug jàmm, muy saraxu
sawara, ñeel Aji Sax ji.
7 «Saraxu tuuru si mu àndal, walaatu xiin
lay doon, tollu ci liitar ngir kuuy mu ci
nekk. Ci ëtt bu sell bi lees di sotti biiñ, muy
saraxu tuuru bi ñeel Aji Sax ji.
8 Meneen kuuy mi, sarxeleen ko
diggante ngoon ak jant bu so, mu ànd ak
saraxu pepp ak saraxu tuuru niki ci suba,
ngeen def ko saraxu sawara ngir xetug
jàmm, ñeel Aji Sax ji.

## *Bésub Noflaay am na saraxam*

9 «Bésub Noflaay nag ñaari kuuyu menn
at yu mucc sikk lay doon, ak saraxu pepp,
biy ñaari fukkeeli efay sunguf su mucc
ayib, di juróom benni kilo, ñu tooyale ko ag
diw, te mu ànd ak saraxu tuuru.
10 Loolooy saraxu rendi-dóomalu bésub
Noflaay, ci bésub Noflaay bu nekk, te
bokkewul ak dóomal bi war bés bu nekk, te
ànd ak saraxu tuuru.

## *Terutel weer am na saraxam*

11 «Te itam seen bési Terutel weer,
nangeen sarxe ab rendi-dóomal, ñeel Aji
Sax ji. Ñaari yëkk yu ndaw, ak menn kuuy
mu mag, ak juróom ñaari kuuyu menn at,
te lu ci nekk mucc sikk,
12 ak ñetti fukkeeli efay sunguf su mucc
ayib, di juróom ñeenti kilo, muy saraxu
pepp, ñu tooyale ko ag diw, booleek yëkk
wu nekk, ak ñaari fukkeeli efay sunguf su
mucc ayib, di juróom benni kilo, muy
saraxu pepp, ñu tooyale ko ag diw,
booleek kuuy mu mag mi,
13 ak benn fukkeelu efab sunguf su
mucc ayib, di ñetti kilo, muy saraxu pepp,
ñu tooyale ko ag diw, booleek mépp
kuuyum menn at. Saraxu rendi-dóomal la,
ngir xetug jàmm, di saraxu sawara, ñeel Aji
Sax ji.
14 «Ay saraxi tuuru lay àndal, genn-wàllu
xiinu biiñ la, tollu ci ñaari liitar ci yëkk wu
nekk, ak benn ñetteelub xiin, tollu ci liitar
ak genn-wàll ci kuuy mu mag mi, ak
walaatu xiin, tollu ci liitaru biiñ ci mépp
kuuyu menn at. Loolooy saraxu
rendi-dóomalu weer wi, weer wu ci nekk,
ba weeri at mi daj.
15 Ak itam bennub sikket, mu ànd ak
saraxu tuuru ngir saraxu póotum bàkkaar,
ñeel Aji Sax ji ci bésub Terutel weer wi, te
bokkewul ak rendi-dóomal bi ñuy sarxe
bés bu nekk.

## *Bésub Mucc am na saraxam*

16 «Fukki fan ak ñeent ci weer wi njëkk,
mooy màggalu bésub Mucc ba, ñeel Aji Sax
ji.
17 Ëllëg sa, fukki fan ak juróom ci weer
woowu, di màggal; diiru juróom ñaari fan,
mburu mu amul lawiir lees cay lekk.
18 Bés bu jëkk boobu, woote bu sell lees
cay amal. Mboolem lees baaxoo liggéey,
deesu ko ci liggéey.
19 Nangeen ci def saraxu sawara, mu
dib rendi-dóomal, ñeel Aji Sax ji: ñaari yëkk
yu ndaw, ak menn kuuy mu mag, ak
juróom ñaari kuuyu menn at, te ngeen def
lépp di lu mucc sikk.

20 Yooyii ànd ak saraxu peppam, di
sunguf su mucc ayib, su ñu tooyale ag diw,
ñetti fukkeeli efay sunguf, di juróom ñeenti
kilo, ciw yëkk, ñaari fukkeeli efay sunguf,
di juróom benni kilo, cim kuuy mu mag,
21 ak benn fukkeelu efab sunguf, di ñetti
kilo, ci mii kuuy, benn fukkeelu efa ca
mee, ba juróom ñaari kuuy yu ndaw yi daj,
22 ak benn sikketu póotum bàkkaar ngir
seen njotlaay.
23 Te bokkewul ak rendi-dóomalu suba
si, rendi-dóomal boobu war bés bu nekk.
24 Sarax yu mel noonu ngeen di sarxal ci
bés bi, ak seen saraxu tuuru, diiru juróom
ñaari fan, muy ñamu saraxu sawara ngir
xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji. Ci kaw
rendi-dóomal bi war bés bu nekk, ci lees
koy dolli.
25 Bésub juróom ñaareel ba, seen bésub
woote bu sell lay doon. Mboolem lees
baaxoo liggéey, deesu ko ci liggéey.

*Ngóob am na saraxam*

26 «Bésub ndoortel meññeef ba ngeen di
sarxesi saraxu pepp mu bees, ñeel Aji Sax
ji, ci seen biir màggalug Ayi bés nag, seen
bésub woote bu sell lay doon. Mboolem
lees baaxoo liggéey, deesu ko ci liggéey.
27 Nangeen ci sarxal ab rendi-dóomal,
ngir xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji: ñaari yëkk
yu ndaw, ak menn kuuy mu mag, ak
juróom ñaari kuuyu menn at.
28 Saraxu peppam di sunguf su mucc
ayib, su ñu tooyale ag diw. Ñetti fukkeeli
efay sunguf, di juróom ñeenti kilo ci yëkk
wu nekk, ak ñaari fukkeeli efa, di juróom
benni kilo ci kuuy mu mag mi,
29 ak fukkeelub efa, di ñetti kilo, ci mii
kuuy, fukkeelub efa ca mee, ba juróom
ñaari kuuy yu ndaw yi daj,
30 ak bennub sikket ngir seen njotlaay.
31 Sarxeleen loolu, te bumu bokke ak
rendi-dóomal bi war bés bu nekk tey ànd
ak saraxu pepp. Lu mucc sikk nag ngeen
di def sarax yooyii, te ngeen defaale
saraxi tuuru yi ci war.

## 29

*Bési liit yi laaj na sarax*

1 «Bu loolu weesoo, benn fanu weeru
juróom ñaareel, seen bésu woote bu sell lay
doon. Mboolem lees baaxoo liggéey, deesu
ko ci liggéey. Bés la bu ngeen di yéenee ay
liit.
2 Sarxalleen ci ab rendi-dóomal ngir
xetug jàmm, ñeel Aji Sax ji: wenn yëkk wu
ndaw, ak menn kuuy mu mag, ak juróom
ñaari kuuyu menn at, te lu ci nekk mucc
sikk.
3 Saraxu peppam lay àndal, di sunguf su
mucc ayib, su ñu tooyale ag diw; ñetti
fukkeeli efay sunguf, di juróom ñeenti kilo
ci yëkk wi, ñaari fukkeeli efa, di juróom
benni kilo ci kuuy mu mag mi,
4 ak benn fukkeelu efab sunguf, di ñetti
kilo ci mii kuuy, benn fukkeelu efa ca
mee, ba juróom ñaari kuuy yu ndaw yi daj,
5 ak benn sikketu póotum bàkkaar, ngir
seen njotlaay.
6 Bokkewul ak rendi-dóomalu Terutel
weer wu nekk, biy ànd ak saraxu pepp,
bokkewul it ak rendi-dóomal bi war bés bu
nekk, teyu ànd ak saraxu pepp, ak seen
saraxi tuuru, ni ko yoon tërale. Dees koy
def ngir xetug jàmm, muy saraxu sawara,
ñeel Aji Sax ji.

*Bésub Njotlaay laaj na sarax*

7 «Fukki fanu juróom ñaareelu weer
woowu it, seen bésub woote bu sell lay
doon, te ngeen toroxlu ci. Mboolem lees
baaxoo liggéey, deesu ko ci liggéey.
8 Sarxalleen ci ab rendi-dóomal, ñeel Aji
Sax ji, ngir xetug jàmm: wenn yëkk wu
ndaw, ak menn kuuy mu mag, ak juróom
ñaari kuuyu menn at, te lu mucc sikk
ngeen di def lépp.
9 Saraxu pepp lay àndal, di sunguf su
mucc ayib su ñu tooyale ag diw; ñetti
fukkeeli efay sunguf, di juróom ñeenti kilo
ci yëkk wi, ñaari fukkeeli efa, di juróom
benni kilo ci kuuy mu mag mi,
10 ak benn fukkeelu efab sunguf, di ñetti
kilo ci mii kuuy, benn fukkeelu efa ca
mee, ba juróom ñaari kuuy yu ndaw yi daj,
11 ak benn sikketu póotum bàkkaar, te du
bokke ak póotum bàkkaaru njotlaay gi, ak
saraxu dóomal bi war bés bu nekk, mook
saraxu pepp, ak seen saraxi tuuru yi ci
war.

*Màggalu Mbaar yi laaj na sarax*

12 «Fukki fan yaak juróom ci juróom
ñaareelu weer woowu itam, seen bésu
woote bu sell lay doon. Mboolem lees
baaxoo liggéey, deesu ko ci liggéey.
Amalleen ci ag màggal, ñeel Aji Sax ji, diiru
juróom ñaari fan, doore ko ca bés ba.
13 Nangeen ca sarxal ab rendi-dóomal,
muy saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel
Aji Sax ji: fukki yëkk yu ndaw ak ñett, ak
ñaari kuuy yu mag, ak fukk ak ñeenti
kuuyu menn at, te lépp mucc sikk.
14 Seen saraxi pepp di sunguf su mucc
sikk su ñu tooyale ag diw, ñetti fukkeeli
efay sunguf, di juróom ñeenti kilo ci wenn
yëkk wu nekk, ba fukki yëkk yeek ñett daj;
ñaari kuuy yu mag yi, kuuy mu ci nekk,
ñaari fukkeeli efay sunguf, di juróom benni
kilo,
15 ak benn fukkeelu efab sunguf, di ñetti
kilo ci mii kuuy, benn fukkeelu efa ca mee,
ba fukki kuuy yu ndaw yeek ñeent daj,
16 ak benn sikketu póotum bàkkaar.
Bokkewul ak saraxu dóomal bi war bés bu
nekk, ak saraxu pepp si muy àndal, ak
saraxu tuuru.
17 «Bésub ñaareel ba: fukki yëkk yu ndaw
ak ñaar; ak ñaari kuuy yu mag, ak fukk ak
ñeenti kuuyu menn at, te lépp mucc sikk.
18 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuyu menn at ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
19 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxi tuuru yi mu àndal.
20 «Bésub ñetteel ba: fukki yëkk yu ndaw
ak benn, ak ñaari kuuy yu mag, ak fukk ak
ñeenti kuuyu menn at, te lépp mucc sikk.
21 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuyu menn at ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
22 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru yi mu àndal.
23 «Bésub ñeenteel ba: fukki yëkk, ak ñaari
kuuy yu mag, ak fukk ak ñeenti kuuyu
menn at, te lépp mucc sikk.
24 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuyu menn at ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
25 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru ya mu àndal.
26 «Bésub juróomeel ba: juróom ñeenti
yëkk, ak ñaari kuuy yu mag, ak fukk ak
ñeenti kuuyu menn at, te lépp mucc sikk.
27 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy ya, ak
kuuy yu ndaw ya, na dayo ya dëppoo ak li
yoon tëral.
28 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru ya mu àndal.
29 «Bésub juróom benneel ba: juróom
ñetti yëkk, ak ñaari kuuy yu mag, ak fukk
ak ñeenti kuuyu menn at, te lépp mucc
sikk.
30 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuy yu ndaw ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
31 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru ya mu àndal.
32 «Bésub juróom ñaareel ba: juróom ñaari
yëkk, ak ñaari kuuy, ak fukk ak ñeenti
kuuyu menn at, te lépp mucc sikk.
33 Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuy yu ndaw ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
34 Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru ya mu àndal.
35 «Bésub juróom ñetteel ba seen bésub
ndaje lay doon. Mboolem lees baaxoo
liggéey, deesu ko ci liggéey.
36 Nangeen ci sarxal ab rendi-dóomal,
muy saraxu sawara ngir xetug jàmm, ñeel
Aji Sax ji: wenn yëkk, ak menn kuuy yu
mag, ak juróom ñaari kuuyu menn at, te
lépp mucc sikk.

[37] Te seen saraxi pepp, ak seen saraxi
tuuru yay ànd ak yëkk ya, ak kuuy yu mag
ya, ak kuuy yu ndaw ya, na dayo ya
dëppoo ak li yoon tëral.
[38] Dees na ca teg benn sikketu póotum
bàkkaar, te du bokke ak saraxu dóomal bi
war bés bu nekk, mook saraxu pepp ak
saraxu tuuru ya mu àndal.
[39] «Yooyu sarax ngeen di def, ñeel Aji Sax
ji, ci seen bési màggal, te du bokke ak seen
sarax yi ngeen xasal seen bopp, ak seen
saraxi yéene, ak seen saraxi dóomali bés bu
nekk, ak seen saraxi pepp ak seen saraxi
tuuru, ak seen saraxi canti biir jàmm.»

# 30

[1] Ba mu ko defee Musaa àgge bànni
Israayil mboolem la ko Aji Sax ji sant.

## *Yoon wi sàrtal na lu nit ki xasal boppam*

[2] Ci kaw loolu Musaa wax ak kilifay giiri
bànni Israayil, ne leen: «Lii moo di ndigal li
Aji Sax ji dénkaane:
[3] «Góor gu xasal Aji Sax ji aw xas, mbaa
mu giñ ngir dogu gu mu tegool boppam,
bumu tebbi kàddoom. Noonee ko
làmmiñam tudde, na ko ni defe ba mu mat
sëkk.
[4] «Te jigéen ju xasal Aji Sax ji aw xas,
ngir dogu gu mu dogu, te fekk ko di ndaw
ca biir kër baayam ba tey,
[5] su baay ba déggee xasu ndaw sa, ak
dogu ga mu tegool boppam, te waxu ca
doomam dara, su boobaa mboolem xasi
ndaw sa day sax, te mboolem dogu gu mu
doguloon boppam day sax.
[6] Waaye su ko baayam aayee, ca bés ba
mu ca déggee, su boobaa mboolem xasi
ndaw si, ak mboolem dogu ya mu
doguloon boppam, du sax, te Aji Sax jee
koy jéggal, ndax baayam aaye woon na ko.
[7] «Su fekkee ne ndaw si dafa am jëkkër
gannaaw kàdduy xas yu ko topp, mbaa
kàddug rëccle gu mu tegool boppam,
[8] su ko jëkkër ja déggee, te bés ba mu ko
déggee, waxu ko ca dara, su boobaa xasi
ndaw si day sax, te kàdduy dogu ya mu
tegooloon boppam day sax.
[9] Waaye su fekkee ne ca bés ba ko jëkkër
ja déggee, ca la ko aaye, su boobaa jëkkër ja
neenal na xas wa toppoon ndaw si, mbaa
kàddug rëccle ga mu tegooloon boppam, te
Aji Sax jee koy jéggal.
[10] «Su dee kàddug xas gu jibe ci ku
jëkkëram faatu, mbaa ku ñu baal, mboolem
lu mu tegooloon boppam day sax.
[11] «Su fekkee ne ci biir kër jëkkëram la nit
ki xase, mbaa mu dogul fa boppam ab
dogu, ci kaw ngiñ,
[12] jëkkër ji dégg ci, te waxu ko dara,
aayewu ko, su boobaa mboolem xasi
ndaw si day sax, te mboolem dogu bu
ndaw si tegooloon boppam, day sax.
[13] Su wéree nag ne jëkkër ji neenal na
kàdduy jabaram yooyu, ca bés ba mu ko
déggee, su boobaa lépp lu làmmiñu ndaw si
tuddoon, jëme ci kàdduy xasam, mbaa
kàddu gu mu tegooloon boppam, lenn du
ci sax. Jëkkëram a ko neenal, te Aji Sax jee
koy jéggal.
[14] Mboolem aw xas nag, ak mboolem
ngiñ lu ku jigéen ki dogoo, te jublu ci ag
toroxlu, jëkkëram moo koy saxal, jëkkëram
moo koy neenal.
[15] Su jëkkër ji noppee ba noppi, waxu ko
dara ca bés ba, ba ca ëllëg sa, su boobaa
mboolem kàdduy xasi jabaram, mbaa
mboolem kàdduy dogu yu toppoon
jabaram, jëkkër jee ko saxal, ndax moo ko
waxul dara ca bés ba mu ko déggee.
[16] Ndegam nag jëkkër ji, beneen bés,
gannaaw ba mu déggee kàdduy jabaram, la
doora àddu ngir neenal wax ja, su boobaa
mooy gàddu bàkkaaru jabaram.»
[17] Yooyu dogali yoon la Aji Sax ji dénk
Musaa, ci diggante nit ak jabaram, ak
diggante baay ak doom ju jigéen, ba muy
ndaw te nekk kër baayam.

# 31

## *Israayil duma na waa Majan*

[1] Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
[2] «Fexeel ba feyul bànni Israayil ci waa
Majan*. Gannaaw loolu dees na la yóbbu,
tëral la fa say bokk.»
[3] Musaa daldi wax ak mbooloo ma, ne
leen: «Na ñenn ci yeen gànnaayu, waajal
xare, te dal ci kaw waa Majan, ba feyul Aji
Sax ji.

* **31.2** Seetal ci 25.16-19.

4 Gii giir, junni, gee giir junni, ba giiri
Israayil yépp daj, ngeen yebal leen ñu
xareji.»
5 Ba mu ko defee ñu tànne ca gàngoori
Israayil, junniy góor jóge ci giir gu nekk,
ñuy fukki junneek ñaari xarekat (12 000) yu
gànnaayu.
6 Musaa nag yebal leen, junni jóge ci giir
gu nekk, ñu xareji. Ñoom ak sarxalkat bi
Fineyas doomu Elasar, ñoo xareji, yóbbaale
jumtukaay yu sell yaak liiti xare ya.
7 Ñu xareek Majan, na ko Aji Sax ji sante
Musaa, ba rey góor ñépp,
8 reyaale buuri Majan, Ewi ak Rekem ak
Cur ak Ur ak Reba, juróomi buuri Majan
ya. Balaam doomu Bewor it, ñu reye ko
saamar.
9 Ba loolu amee bànni Israayil jàpp
jigéeni Majan, ak seeni tuut-tànk, ak seen
jur gépp, gu gudd ak gu gàtt, seen alal jépp,
ñu sëxëtoo ko.
10 Seen dëkk yépp ak seeni dëkkuwaay, ak
seen dal yépp, ñu lakk.
11 Ba mu ko defee ñu jël mboolem la ñu
sëxëtoo, mboolem la ñu ca jàppe, nit ñaak
jur ga.
12 Ñu daldi yóbbu ca Musaa ak Elasar
sarxalkat ba, ak mbooloom bànni Israayil,
ña ñu jàppe ca xare ba, ak la ñu ca jàppe, ak
la ñu sëxëtoo. Ñu indi lépp ca seen dal ba ca
joori Mowab, fa janook Yeriko, te dendeek
dexu Yurdan.
13 Ci kaw loolu Musaa ak Elasar
sarxalkat ba ànd ak mboolem njiiti
mbooloo ma, ñu génn dal ba, gatandu leen
ca biti.
14 Musaa nag sànju ca kaw kilifay xare
ya, muy kilifay kuréeli junni yaak kilifay
kuréeli téeméer ya jóge xare.
15 Musaa ne leen: «Kon jigéeni Majan
ñépp ngeen bàyyi, ñu dund!
16 Xanaa du ñoom ñoo dëdduloo woon
bànni Israayil Aji Sax ji, ci ndigalal
Balaam, ca mbir ma woon ca Pewor, ba
tax mbas ma dikkal mbooloom Aji Sax ji?
17 Kon nag reyleen lépp luy góor ci
tuut-tànk yi, mboolem lu ciy jigéen ju xam
lalu góor it, rey leen,
18 mboolem lu ciy jigéen ju ndaw, te
xamul lalu góor, ngeen bàyyi mu dund,
ñeel leen.
19 «Te yeen nag, dalleen ci biti, buleen
dugg ci biir dal bi diiru juróom ñaari fan,
mboolem ñi rey ak mboolem ñi laal ku ñu
rey. Nangeen setlu bésub ñetteel ba, ak
bésub juróom ñaareel ba, yeen ak ñi ngeen
jàpp.
20 Te itam lépp luy yére, ak bépp
jumtukaayu der, ak lépp lees defare
kawari bëy, ak bépp jumtukaayu bant,
nangeen ko setal.»
21 Ba mu ko defee Elasar sarxalkat ba
wax ak ña xareji woon, ne leen: «Lii moo
di dogalu yoon, bi Aji Sax ji dénk Musaa:
22 Luy wurus ak xaalis ak xànjar, ak weñ
gu ñuul, ak weñ gu weex, ak betteex,
23 mboolem lu dul lakk, rekk, nangeen
ko laalale sawara, mu set. Ndoxum setlu
mi it, warees na koo dellu setale yooyii.
Waaye mboolem luy lakk, ci ndoxum setal
mi doŋŋ lees koy dugal, ngir mu set.
24 Bésub juróom ñaareel ba, fóotleen seeni
yére, daldi set. Gannaaw loolu man
ngeena duggsi ci dal bi.»

## *Lu jëm ci séddaleb alalu waa Majan*

25 Aji Sax ji waxati Musaa ne ko:
26 «Yaw ak Elasar sarxalkat bi, ak ñi jiite
seeni kër maam ci mbooloo mi, waññleen
alal ji ñu nangoo xare, nit aku jur.
27 Xaajleen sëxëtoo mi ñaar, te ngeen
séddale ko diggante xarekat ya xareji
woon, ak mbooloo mi ci des yépp.
28 Te ngeen sàkkal Aji Sax ji, ci céru
xarekat ya xareji woon, ab galag bu
yemook benn bopp ci juróomi téeméer
(500) yu nekk, ci aw nit, mbaa ay nag,
mbaa ay mbaam, mbaa ay gàtt.
29 Ci céru xarekat yi ngeen koy sàkke, jox
ko Elasar sarxalkat bi, jagleel ko Aji Sax ji.
30 Céru bànni Israayil bi ci des, nangeen
ci sàkk benn ci juróom fukk yu nekk (50), ci
aw nit, mbaa ay nag, mbaa ay mbaam,
mbaa ay gàtt, mbaa gépp jur, te ngeen jox
ko Leween ñi sàmm ndénkaaneb màkkaanu
Aji Sax ji.»
31 Ba loolu amee Musaa ak Elasar
sarxalkat bi defe ko noonee ko Aji Sax ji
sante Musaa.
32 La des ca alalu sëxëtoo ja ña xareji
woon indaale, gannaaw ba ñu ca génnee
yooyu, nii la tollu: gàtt yi, juróom benni

téeméeri junneek juróom ñaar fukk ak juróom (675 000);
33 nag yi, juróom ñaar fukki junneek ñaar (72 000);
34 mbaam yi, juróom benn fukki junneek benn (61 000),
35 aw nit, fanweeri junniy jigéen ak ñaar ñu xamul lalu góor (32 000).
36 Genn-wàll giy céru nit ña xareji woon, nii la tëdde: gàtt yi, ñetti téeméeri junneek fanweer ak juróom ñaar ak juróomi téeméer (337 500),
37 galagu Aji Sax ji génne ci gàtt yi, di juróom benni téeméer ak juróom ñaar fukk ak juróom (675);
38 nag yi, fanweeri junneek juróom benn (36 000), galagu Aji Sax ji génne ci, di juróom ñaar fukk ak ñaar (72);
39 mbaam yi, fanweeri junneek juróomi téeméer (30 500), galagu Aji Sax ji génne ci, di juróom benn fukk ak benn (61);
40 aw nit, fukki junneek juróom benn (16 000), galagu Aji Sax ji génne ci, di fanweeri bopp ak ñaar (32).
41 Ba mu ko defee Musaa jox galag ba Elasar sarxalkat ba, jagleel ko Aji Sax ji, na ko Aji Sax ji sante Musaa.
42 Genn-wàll giy céru bànni Israayil, ba Musaa teqale ak cérub ña xareji woon,
43 te muy céru mbooloo ma, ci wàllu gàtt yi, ñetti téeméeri junneek fanweer ak juróom ñaar ak juróomi téeméer (337 500) la;
44 nag yi di fanweeri junneek juróom benn (36 000);
45 mbaam yi, fanweeri junneek juróomi téeméer (30 500);
46 aw nit, fukki junneek juróom benn (16 000).
47 Musaa daldi sàkk ci céru bànni Israayil boobu, benn ci juróom fukk yu nekk. Musaa jox loola Leween ñi sàmm ndénkaaneb màkkaanu Aji Sax ji, noonee ko ko Aji Sax ji sante woon.

*Kilifay xare ya jëfe nañu ngor*

48 Ba loolu amee njiiti gàngooru xarekat ya, kilifay kuréeli junni yaak kilifay kuréeli téeméer ya, ñoom ñépp dem ca Musaa.
49 Ñu ne Musaa: «Sang bi, nun de, waññ nanu xarekat yi ci sunu kilifteef, waaye kenn wuutewu ci.
50 Moo tax nu saraxe ngir Aji Sax ji, ku nekk ak la nga muurloo, ci gànjari wurus: lami përëg, ak takkub jara, ak jaaroy torlukaay, ak jaaroy nopp, aki caq. Noo ko def sunu njotlaayal bakkan, fi kanam Aji Sax ji.»
51 Musaa ak Elasar sarxalkat ba nangoo wurus wa ca ñoom, lépp di takkaay yu ñu tëgg.
52 Mboolem li ñu jébbal Aji Sax ji ci wurus di fukk ak juróom benni junniy siikal ak juróom ñaari téeméer ak juróom fukk (16 750), yemook barigo ak juróom ñeent fukki kilo (190), te bawoo ci kilifay kuréeli junni yaak kilifay kuréeli téeméer ya.
53 Xarekati gàngoor ga ñoom, dañoo féetewoo la ñu sëxëtoo.
54 Musaa ak Elasar sarxalkat ba nag jële wurus wa ca kilifay kuréeli junni yaak kuréeli téeméer ya. Ñu yóbbu ko ca biir xaymab ndaje ma, muy seedeel bànni Israayil fi kanam Aji Sax ji.

# 32

*Ay giir des na ci penkub Yurdan*

1 Jur gu ne gàññ, bare lool, la Rubeneen ñi ak Gàddeen ñi amoon. Ñu xoolaat diiwaanu Yaser ak diiwaanu Galàdd, gisuñu lu moy àll bu neexa yareg jur.
2 Ba mu ko defee Gàddeen ñaak Rubeneen ña dikk, wax ak Musaa ak Elasar sarxalkat ba, ak kilifay mbooloo ma. Ñu ne leen:
3 «Gox yii di Atarot ak Dibon ak Yaser ak Nimra ak Esbon ak Elale ak Sebam ak Nebo ak Bewon,
4 mboolem réew mii Aji Sax ji daan fi kanam mbooloom Israayil de, réew mu neexa yareg jur la, te nun, sang bi, boroomi jur lanu.»
5 Ñu teg ca ne: «Kon nag ngalla sang bi, baaxe nu réew mii, muy sunub cér, te nga bañ noo jàlle dexu Yurdan.»
6 Musaa ne Gàddeen ñaak Rubeneen ña: «Xanaa seeni bokk duñu xareji, yeen ngeen toog fii?
7 Dangeena nara yoqiloo bànni Israayil, ba tere leena jàlli ca réew ma leen Aji Sax ji jox?

8 Lu mel nii de, la seeni baay defoon, ba
ma leen yebalee, ñu jóge Kades Barneya,
ngir yëri réew ma.
9 Dañoo dem ba àgg xuru Eskol, ba gis
réew ma, doora délsi, di yoqiloo bànni
Israayil, ngir ñu baña duggi ca réew ma
leen Aji Sax ji joxoon.
10 Sànjum Aji Sax ji tàng na bésub keroog,
ba mu giñ, ne:
11 “Kenn du gis mukk réew ma ma
giñaloon Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba,
ci góor ñi jóge Misra te am ñaar fukki at,
jëm kaw, gannaaw mataluñu kóolute ci
man;
12 xanaa Kaleb doomu Yefune, Keniseen
bi, ak Yosuwe doomu Nuun, ndax ñoo
matal kóolute ci Aji Sax ji.”
13 Ba loolu amee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil, mu wërloo leen ca màndiŋ ma
diiru ñeent fukki at, ba mboolem maas
googa defoon lu Aji Sax ji ñaawlu, ñépp jeex
tàkk.
14 Yeen nag defuleen lu moy jóg wuutu
seeni baay, njurum bàkkaarkat yi ngeen
doon, di xamb sànjum Aji Sax ji tàkkal
bànni Israayil?
15 Su ngeen ko dëddoo it, day dellu wacc
bànni Israayil ci màndiŋ mi rekk, ngeen
daldi sànklu mii mbooloo mépp.»

16 Ba loolu weesoo, ñu dikkaat, ne ko:
«Ay gétt lanu bëgga sàkk fii ngir sunuy gàtt,
aki dëkk ngir sunuy njaboot.
17 Waaye nun kay danuy daldi gànnaayu,
jiitu bànni Israayil, ba keroog ñu leen
yóbboo ca seen suuf. Sunu njaboot a nuy
xaare fii, biir dëkk yu tata wër, ngir ñu
mucc ci waa réew mi.
18 Dunu dellu mukk sunuy kër, ba
keroog bànni Israayil di séddu, ku ci nekk
jot céru suufam.
19 Waaye nun dunu bokk ak ñoom ab
céru suuf ca wàllaa dexu Yurdan, ak la ca
topp, ndax day fekk nu jot sunu céru suuf,
ci wet gii féete dexu Yurdan penku.»

20 Musaa ne leen: «Su ngeen ko defee
noonu, gànnaayu fi kanam Aji Sax ji ngir
xareji,
21 su seen mboolem boroomi gànnaay
jàllee dexu Yurdan fi kanam Aji Sax ji, ba
keroog mu dàqee ay noonam,
22 ba réew ma nangul Aji Sax ji, su
boobaa déy, sañ ngeena délsi, te wàccoo
ngeen ak Aji Sax ji, wàccoo ak bànni
Israayil, te su boobaa it réew mii ñeel leen,
di seen moomeel fi kanam Aji Sax ji.
23 Waaye su ngeen jëfewul noonu kat,
yeena moy Aji Sax ji, te xamleen ne
seenug moy dina leen dab.
24 Kon nag sàkkleen ay dëkk ngir seeni
njaboot, aki gétt ngir seeni gàtt, waaye li
ngeen dige daal, defleen ko.»

25 Ba loolu amee Gàddeen ñaak
Rubeneen ña ne Musaa: «Sang bi, noonu
nga ko santaanee, ni lanu koy defe.
26 Sunuy goneek sunuy jabar, ak sunuy
gàtt, ak sunu jur gépp fii ci dëkki Galàdd lay
des.
27 Waaye nun, mboolem ñi yor ngànnaay
danuy jàll dex gi fi kanam Aji Sax ji, ngir
xareji ni nga ko waxe, sang bi.»

28 Musaa nag santaane ci seen mbir ca
Elasar sarxalkat ba, ak Yosuwe doomu
Nuun, ak kilifay bànni Israayil, ya jiite
seeni kër maam.
29 Musaa ne leen: «Su Rubeneen ñeek
Gàddeen ñi àndeek yeen, ñoom ñépp
gànnaayu ngir xareji fi kanam Aji Sax ji, ba
réew ma nangul leen, nangeen leen jox
réewum Galàdd, muy seen moomeel.
30 Waaye su ñu àndul ak yeen, gànnaayu
jàll, ci seen biir lañuy séddu suuf, ca biir
réewum Kanaan.»

31 Ba loolu amee Gàddeen ña ak
Rubeneen ña dellu ne: «Sang bi, li nu Aji
Sax ji wax rekk lanuy def.
32 Nooy gànnaayu jàlli réewum Kanaan fi
kanam Aji Sax ji, waaye nun, cér bi nuy
moom, wàllu dexu Yurdan wii lay doon.»

33 Musaa nag tudde cér yii, askanu Gàdd
ak askanu Ruben ak genn-wàllu giirug
Manase doomu Yuusufa: nguurug Sixon
buurub Amoreen ñi la leen jox, ak
nguurug Og buuru Basan, réew ma mépp,
boole ca dëkk yu mag ya, ak àll ya ko wër.
34 Ba mu ko defee Gàddeen ña tabaxaat
Dibon ak Atarot ak Arower,
35 ak Aterot Sofan, ak Yaser ak Yogbowa,
36 ak Bet Nimra, ak Bet Aran, lépp di
dëkk yu tata wër. Ñu sàkkaale ay wërmbal
ngir seeni gàtt.

37 Rubeneen ña it tabaxaat Esbon ak
Elale ak Kiryaatayim,
38 ak Nebo, ak Baal Mewon, lenn ca turi
dëkk ya soppiku, ak Sibma. Ñu tudde dëkk
yooyu ñu tabaxaat, seen turi bopp.
39 Ci kaw loolu ñi askanoo ci Makir
doomu Manase, songi bëj-gànnaaru Galàdd,
nangu ko, dàqe fa Amoreen ña.
40 Ba mu ko defee Musaa jox Galàdd,
askanu Makir, ñu dëkke.
41 Ci biir loolu askanu Yayir mi askanoo
ci Manase, dem nanguji yeneen dëkki
Galàdd yu ndaw. Ñu tudde leen Sanci
Yayir.
42 Noba it nanguji Kenat ak dëkk ya ko
wër, daldi tudde gox ba boppam, muy
Noba.

# 33

*Limees na yooni tukkiy Israayil*

1 Lii moo di doxi bànni Israayil, ba ñu
génnee réewum Misra, def seeni gàngoor, ca
njiital Musaa ak Aaróona.
2 Musaa moo bind seeni dalukaay ak
seen yoon ya ñu jaare, ci ndigalal Aji Sax
ji. Lii moo di seeni jaar-jaar, ak seeni
dalukaay:
3 Fa Ramses lañu bàyyikoo, fukki fan ak
juróom ci weer wi njëkk ci at mi. Keroog
bés ba topp ca bésub Mucc ba, ca la bànni
Israayil daagu, génn, waa Misra gépp di gis.
4 Booba waa Misraa ngay rob ña Aji Sax
ji rey ca ñoom, néewi mboolem seen taaw
ya. Aji Sax jee mbugale noonu seen yàlla
ya.
5 Bànni Israayil nag jóge Ramses, dali
Sukkót.
6 Ñu jóge Sukkót, dali Etam ga ca catu
màndiŋ ma.
7 Ba ñu bàyyikoo Etam, dañoo walbatiku
ba Pi Axirot ga janook Baal Cefon, daldi
dal fa kanam Migdol.
8 Ñu jóge Pi Axirot, jàll géej ga, wuti
màndiŋ ma. Dox nañu yoonu ñetti fan ca
biir màndiŋu Etam, doora dal Maara.
9 Ñu jóge Maara, dem ba Elim, Elim ga ca
fukki bëti ndox yaak ñaar, ak juróom ñaar
fukki garabi tàndarma ya. Ñu dal foofa.
10 Ba ñu jógee Elim, fa feggook géeju
Barax ya la ñu dali.
11 Ñu bawoo géeju Barax ya, dali ca
màndiŋu Sin,
12 bawooti màndiŋu Sin, dali Dofka,
13 bawooti Dofka, dali Alus.
14 Ba ñu bàyyikoo Alus, Refidim lañu dali.
Foofa nag mbooloo ma amuñu fa ndox mu
ñu naan.
15 Ñu bàyyikoo Refidim, dali ca màndiŋu
Sinayi,
16 bàyyikoo màndiŋu Sinayi, dali Kibbrot
Taawa,
17 bàyyikooti Kibbrot Taawa, dali Àccerot.
18 Ba ñu jógee Àccerot, Ritma lañu dali.
19 Ñu jóge Ritma, dali Rimon Perecc,
20 jóge Rimon Perecc, dali Libna,
21 jógeeti Libna, dali Risa.
22 Ba ñu bawoo Risa, Keyelata lañu dali.
23 Ñu bawoo Keyelata, dali tundu Sefer,
24 bawoo tundu Sefer, dali Arada,
25 bawooti Arada, dali Makeyelot.
26 Naka lañu bàyyikoo Makeyelot, dali
Taxat,
27 bàyyikoo Taxat, dali Tera,
28 bàyyikooti Tera, dali Mitka.
29 Ba ñu jógee Mitka, Asmona lañu dali.
30 Ñu jóge Asmona, dali Moserot;
31 jóge Moserot, dali Bene Yaakan,
32 jógeeti Bene Yaakan, dali Xor Gitgaat.
33 Ba ñu bawoo Xor Gitgaat, Yotbata lañu
dali.
34 Ñu bawoo Yotbata, dali Abrona,
35 bawoo Abrona, dali Eccon Geber,
36 bawooti Eccon Geber, dali Kades ca
màndiŋu Ciin.
37 Ba ñu bàyyikoo Kades, ca tundu Or wa
digalook réewum Edom lañu dali.
38 Ba mu ko defee Aaróona sarxalkat ba
yéeg ca kaw tundu Or, ci ndigalal Aji Sax
ji. Mu daldi faatu foofa, ca ñeent fukkeelu
at ma, gannaaw ba bànni Israayil génnee
réewum Misra, yemook benn fanu
juróomeelu weeru at ma.
39 Aaróona mu ngi woon ci téeméeri
atam, ak ñaar fukk at ñett (123) ba mu
faatoo ca kaw tundu Or.
40 Ci kaw loolu Kanaaneen ba, buurub
Aràdd, ba dëkke woon bëj-saalumu réewum
Kanaan, daldi yég ne bànni Israayil a ngay
dikk.
41 Ba ñu jógee tundu Or, Calmona lañu
dali.

42 Ñu jóge Calmona, dali Punon,
43 jóge Punon, dali Obot,
44 jógeeti Obot, dali Yee Abarim, ga
digalook réewum Mowab.
45 Ba ñu jógee Yee Abarim, Dibon Gàdd
lañu dali.
46 Ñu jóge Dibon Gàdd, dali Almon
Diblatayim,
47 jógeeti Almon Diblatayim, dali ca
tundi Abarim, janook tundu Nebo.
48 Ba ñu bawoo tundi Abarim, ca joori
Mowab lañu dali, ca wetu dexu Yurdan,
janook Yeriko.
49 Wetu dexu Yurdan, ga ca diggante Bet
Yesimot ak Abel Sitim, ca joori Mowab, fa
lañu dale.

### *Ndigali xare jib na*

50 Ba loolu amee Aji Sax ji waxati ak
Musaa ca joori Mowab, ca wetu dexu
Yurdan, ga janook Yeriko. Mu ne ko:
51 «Waxal bànni Israayil ne leen: Bu
ngeen jàllee dexu Yurdan, ba dugg réewum
Kanaan,
52 nangeen dàq waa réew mépp,
nangeen yàqate seen mboolem tuur yu ñu
yatt, te seen mboolem jëmm yu ñu mól,
yàqateleen ko, seen mboolem bérebi
jaamookaay it, tasleen ko.
53 Defleen réew mi moomeel, ngeen
dëkke ko, ndax yeen laa jox réew mi, ngir
ngeen moom ko.
54 Tegooleen bant réew mi, séddoo ko ci
seeni làng. Làng gu gëna mag, na am cér bu
gëna mag, làng gu gëna tuut, am cér bu
gëna tuut. Fépp fu tegoo bant génneel ag
làng, ñooy doon boroom. Ci seen biir giiri
maam ngeen di séddu.
55 Waaye su ngeen dàqul waa réew mi,
ña ngeen fa bàyyi ñooy mujj diy dég yu
leen di luqi, aki dagg yuy cuut seeni wet.
Ñoo leen di lëjal witt ca biir réew mooma
ngeen sance.
56 Su boobaa nag na ma naroona def
seen noon yooyu, yeen laa koy def.»

## 34

### *Aji Sax ji rëddlu na digu réew mi*

1 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
2 «Santal bànni Israayil, nga ne leen: Bu
ngeen duggee réewum Kanaan, lii moo di
réew ma ngeen di muurloo, muy seenub
cér. Réewum Kanaan a ngi, ak fa suufam
yem:
3 «Yeen, seen kemu bëj-saalum a ngay
dale màndiŋu Ciin, leru réewum Edom,
daleeti ca catal géeju Xorom ga ca penku.
4 Seen kem daa dënglu, jaare fa féete
yéegub Akerabim bëj-saalum, jaare Ciin
nag, dem ba bëj-saalumu Kades Barneya,
jëm Àccar Adar ba àgg Asmon.
5 Asmon la kem gay jàddaate jubal xuru
Misra, doora àkki géej.
6 «Géej gu mag gi mooy doon seen kemu
sowu. Loolooy seen kemu sowu.
7 «Lii nag mooy seen kemu bëj-gànnaar.
Ca géej gu mag ga ngeen di rëdde, ba ca
tundu Or,
8 rëdde ko fa tundu Or, mu jëm Buntu
Amat, jàll ba Cedàdd,
9 wéyeeti fa, jaare Sifron, jëm Àccar Enan.
Loolooy seen kemu bëj-gànnaar.
10 «Rëddleen seen kemu penku, mu dale
Àccar Enan ba Sefam,
11 kemu ga wàcce Sefam, jëm Ribla, fa
féete Ayin penku, wàccati ba leruji dexu
Kineret, ca wet ga ko féete penku,
12 kemu ga dellu wàcc ba ca dexu
Yurdan, doora àkki géeju Xorom ga.
Loolooy doon seenum réew ak kemoom yi
ko wër.»
13 Ba mu ko defee Musaa sant bànni
Israayil, ne leen: «Réew moomu ngeen di
tegoo bant, séddoo ko, te moom la Aji Sax ji
santaane ñu jox ko juróom ñeenti giir yeek
genn-wàll,
14 gannaaw giirug Ruben ak seeni kër
maam, ak giiru Gàdd ak seeni kër maam
séddu nañu, te genn-wàllu giirug Manase
itam jot nañu seen cér ba noppi.
15 Ñaari giir ya ak genn-wàllu giir googu
ñoo séddu suuf ca penkub dexu Yurdan, fa
janook Yeriko.»

### *Lim nañu saytukati séddale ba*

16 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
17 «Ñii nag ñoo leen di séddale réew mi:
Elasar sarxalkat bi, ak Yosuwe doomu
Nuun.
18 Ay njiit ngay jële kenn-kenn, ci giir gu
nekk, ngir ñu jàpp ci séddaleb réew mi.

19 Ñooñoo di: ci wàllu giirug Yuda, Kaleb
doomu Yefune;
20 wàllu giirug Cimyoneen ñi, Samiyel
doomu Amiyudd;
21 wàllu giirug Beñamin, Elidat doomu
Kislon;
22 wàllu giirug Daneen ñi, lenn njiit, di
Bukki doomu Yogli;
23 wàllu Yuusufeen ñi, li féete ak giirug
Manaseen ñi, lenn njiit, di Aniyel doomu
Efot,
24 li féete ak giirug Efraymeen ñi, lenn
njiit, di Kemwel doomu Siftan;
25 ci wàllu giirug Cabuloneen ñi, lenn
njiit, di Elicafan doomu Parnag;
26 wàllu giirug Isakareen ñi, lenn njiit, di
Paltiyel doomu Asan;
27 wàllu giirug Asereen ñi, lenn njiit, di
Axiyudd doomu Selomi;
28 wàllu giirug Neftaleen ñi, lenn njiit, di
Pedayel doomu Amiyudd.»
29 Ñooñu la Aji Sax ji sant ñu séddale
bànni Israayil, réewum Kanaan.

# 35

## *Lu jëm ci céri suufi Leween ñi*

1 Aji Sax ji waxati ak Musaa ca joori
Mowab, ca wetu dexu Yurdan, fa
jàkkaarlook Yeriko. Mu ne ko:
2 «Santal bànni Israayil ñu sàkkal Leween
ñi ci seen céru suuf, ay dëkk yu Leween ñi
dëkke. Àllu parlu ya wër dëkk ya it, joxleen
ko Leween ñi.
3 Su ko defee dëkk yooyu ñeel leen, ñu
dëkke. Seen àlli parlu it ñeel seenug jur, ak
seen alal, ak seen mboolem mala.
4 Parluy dëkk yi ngeen di jox Leween ñi,
ci tatay dëkk ya lay dale, jëm ci biti lu day
ni junniy xasab, yemook juróomi téeméeri
meetar, ci wet gu nekk.
5 Su ko defee ngeen natte ca biti
dig-digal bu gudde ñaari junniy xasab,
yemook junniy meetar ci wetu penku;
ñaari junniy xasab, yemook junniy
meetar, wetu bëj-saalum; ñaari junniy
xasab, yemook junniy meetar, wetu sowu;
ñaari junniy xasab, yemook junniy
meetar, wetu bëj-gànnaar, dëkk bi nekk ci
digg bi. Dig-digal boobu day ñeel Leween
ñi, di seen parluy dëkk.
6 Dëkk yi ngeen di jox Leween ñi, ñoo di
juróom benni dëkki rawtu yi nga xam ne
ku rey nit man faa raweji, ak yeneen ñeent
fukki dëkk ak ñaar yu ngeen leen ciy dollil.
7 Kon mboolem dëkk yi ngeen di jox
Leween ñi, ñeent fukk ak juróom ñett la, ak
seen àlli parlu.
8 Dëkk yi ngeen leen di génneel ci céri
suufi bànni Israayil nag, la cay génne ca ña
ëpple suuf, réyal leen ko, te la cay génne ca
ña néewle suuf, ngeen néewal ko. Giir gu
nekk daal, dayob céru suufam si mu séddu,
moom lay topp, ngir sàkke ci ay dëkkam,
jox Leween ñi.»

## *Lu jëm ci dëkki rawtu yi*

9 Aji Sax ji waxati Musaa, ne ko:
10 «Waxal bànni Israayil, ne leen: Bu
ngeen jàllee dexu Yurdan ba dugg réewum
Kanaan,
11 nangeen sàkk ay dëkk yuy doon seen
dëkki rawtu, ba ku rey nit te du teyeefam,
man faa raweji.
12 Mooy doon seen dëkki rawtu yees di
mucce ci mbokkum jotkat buy toppe*, ba
ki rey nit du dee, te taxawagul fa kanam
mbooloo mi, ngir ñu àtte ko.
13 «Kon dëkk yi ngeen di jox Leween ñi,
juróom benn a ciy doon seen dëkki rawtu.
14 Ñetti dëkk yu ngeen di joxe ci wàllu
dexu Yurdan wii, ak ñetti dëkk yu ngeen di
joxe ca réewum Kanaan, lépp di ay dëkki
rawtu.
15 Waaye muy bànni Israayil, muy
doxandéem, muy gan gu nekk ci seen biir,
na juróom benni dëkk yooyu doon seen
rawtu yeen ñépp, ba képp ku rey nit te du
teyeefam, man faa raweji.
16 «Su dee ag weñ la ko dóor, mu dee,
moo ko rey, te dee rekk mooy àtteb ki rey.
17 Su dee aw doj wu mana rey la jël, dóor
ko ko, mu dee, moo ko rey, te dee rekk
mooy àtteb ki rey.
18 Su dee bant bu mana rey la jël, dóor
ko ko, mu dee it, moo ko rey, te dee rekk
mooy àtteb ki rey.

* **35.12** Seetal ci *Sarxalkat yi* 24.17-21.

[19] Jotkat biy toppe bakkan ba nag, mooy
rey ka rey; fu mu dajeek moom, moo koy
rey.
[20] Su dee ci biir mbañeel la dale ci
kawam, mbaa mu sànni ko aw saan wu
mu ko waajal, ba mu dee,
[21] mbaa ci biir mbañeel la ko dóore
loxoom ba mu dee, su boobaa dee rekk
mooy àtteb ka dóore. Moo ko bóom. Jotkat
bay toppe bakkan ba nag, bu dajeek ka
rey, da koy rey.
[22] «Ndegam nag du caageenu mbañeel,
xanaa mu jekki dal ci kawam, mbaa mu
sànni ko këf ku mu mana doon, te du lu mu
waajoon,
[23] mbaa muy doj wu mana rey wu mu
waddal ci kaw nit ki, ba nit ki dee, te gisul
woon nit ki, te nit ka du woon ab noonam,
te fekkul itam muy sàkku loraangey nit ka,
[24] su boobaa la mbooloo may wéyal
diggante ki rey, ak jotkat bay toppe, moo
di àtte yii ci yoon tëral:
[25] Mbooloo mi day musal ki rey ci loxol
jotkatu bakkanu ka dee, te mbooloo ma da
koy delloo ca dëkkub rawtoom ba mu làquji
woon. Fa lay toog, ba kera deewug
sarxalkat bu mag ba ñu baaxoo fale diw
gu sell.
[26] Ndegam nag ka rey moo génn a génn,
ba wees kemu dëkkub rawtoom ba mu
làquji woon,
[27] ba jotkat bay toppe bakkan fekk ko fu
wees kemu dëkkub rawtoom, su boobaa su
ko jotkatu bakkan ba reyee, du tax mu
gàddu bakkan.
[28] Ndax kat ci biir dëkkub rawtoom la
wara toog, ba kera deewug sarxalkat bu
mag bi. Gannaaw bu sarxalkat bu mag bi
deewee nag, ki rey sañ naa dellu fa mu
bokk.
[29] «Loolu mooy dogalu yoon bi leen ñeel,
yeen ak seen askan, ci seen mboolemi
dëkkuwaay.
[30] «Képp ku faat bakkan nag, ci kaw
kàddu gu tukkee ci ay seede doŋŋ lees ko
saña reye, moom ma rey, waaye bennub
seede du seedeel nit, ngir ñu teg ko àtteb
dee.
[31] «Te it buleen jël benn xaalisu njotug
bakkanu kenn ku rey nit ku yelloo dee.
Kooku dee rekk mooy àtteem.
[32] Buleen jël it xaalisu njotug nit ku
làquji ca dëkkub rawtoom, ngir may ko mu
dellu fa mu dëkk, te sarxalkat bu mag bi
deewul.
[33] Buleen tilimal réew mi ngeen nekk.
Deret kat mooy tilimal réew mi, te réew mi
deesu ko jote lenn, ci deret ju ñu tuur ci
biiram, lu moy deretu ka tuur deret.
[34] Buleen sobeel réew mi ngeen dëkk, te
man ma màkkaanoo ci biiram, ndax man
Aji Sax ji maa màkkaanoo ci biir bànni
Israayil.»

# 36

## *Lu jëm ci séyu jigéenu Israayil, ak céru suufam*

[1] Ba loolu wéyee kilifay njaboot yi
askanoo ci Yuusufa, te bokk ci làngu
Galàdd doomu Makir mi sëtoo ci Manase,
ñoo dikk. Ñu wax fa kanam Musaa, ak
kilifay njabooti bànni Israayil.
[2] Ñu ne: «Sang bi, xam nga Aji Sax ji moo
digle woon ñu tegal bant bànni Israayil,
séddale leen réew mi. Ci biir loolu, sang bi,
ndigal ñeel la, tukkee ci Aji Sax ji, ngir nga
jël sunu céru doomu baay Celofat, jox ko
ay doomam yu jigéen.
[3] Waaye bu ñu séyee ci yeneen giiri bànni
Israayil de, seen céru suuf mooy wàññikoo
ci sunu céru maam, dolliku ca céru giir ga
ñu séyi ca seen biir, te kon cér ba nu tegoo
woon bant moo cay wàññikoo.
[4] Te it bu atum Yiwiku* mu bànni
Israayil agsee, seen cér day dolliku ca céru
giir ga ñu séyi ca seen biir. Te kon it ci
sunu céru giiru maam, la seen cér boobu
di wàññikoo.»
[5] Ba loolu wéyee, Musaa jox bànni
Israayil ndigal, ci ndigalal Aji Sax ji, ne:
«Dëgg la giirug Yuusufeen ñi wax.
[6] Kàddu gii nag mooy li Aji Sax ji
santaane ci doomi Celofat yu jigéen yooyu:
Ku leen neex, nañu séy ak moom, na fekk
rekk, ka ñuy séyal askanoo ci làng gu bokk
ci seen giirug baay.
[7] Du benn céru suuf ci biir bànni Israayil,
buy jóge ci genn giir, toxu ca geneen,
waaye na ku nekk ci bànni Israayil yem

* **36.4 *atum Yiwiku:*** seetal ci *Sarxalkat yi* 25.8-55.

kepp ca suufas giiram, ga mu donne cay
maamam.
8 Mboolem ku jigéen ku donn suuf ci
giiri bànni Israayil, ci biir làng gu bokk ci
giirug maamam rekk lay séy, ngir ku nekk
ci bànni Israayil mana ñoŋal céru
maamam.
9 Su ko defee du benn céru suuf buy jóge
ci genn giir, toxu ca geneen, waaye giirug
bànni Israayil gu ci nekk day yem kepp ca
céru suufam.»
10 Na ko Aji Sax ji sante Musaa nag, na la
ko doomi Celofat yu jigéen defe.
11 Muy Maxla, di Tirca, di Ogla, di Milka,
di Nowa, doomi Celofat yooyu, ñoom ñépp
seen bokki baay lañu séyal.
12 Ca làngi askanu Manase doomu
Yuusufa lañu séy, seen céru suuf daldi des
ca giir ga seen làngu baay bokk.
13 Loolu mooy santaane yeek àttey yoon
yi Aji Sax ji dénkoon bànni Israayil, Musaa
jottali leen ko ca joori Mowab, fa feggook
dexu Yurdan, te janook Yeriko.

# Baamtug yoon wi

Téereb Yonent Yàlla Musaa bii moo tënk ci mbind yeesalub kóllëre gi Yàlla fas ak bànni Israayil, fa tundu Sinayi, gannaaw ba ñu génnee Misra. Ñeent fukki at gannaaw gàddaay ga, fekk na mboolem maasug fippukat ga jóge woon Misra faatu ba jeex. Moo tax yeesalub kóllëre ga ngir maas ga ca topp, manul woona ñàkk.

Téere bi dafay sàrtal itam ni bànni Israayil wara dunde ca réew ma ñu leen dig. Yàlla moo leen jële ca njaam ga ca Misra, ngir jox leen réew ma mu leen digoon, ngir sottal digeem baak Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba.

Ci tënk:

1.6—4.43 Musaa fàttali na jaar-jaari bànni Israayil.
4.44—26.19 Musaa baamtuwaat na yoon wi.
27.1—30.20 Musaa biral na yooni barke ak alkànde.
31.1—34.12 Musaa tàggoo na. Keneen a bind ci deewam ci saar 34.

*Ubbite gi*

1 Lii mooy kàddu yi Musaa wax bànni
Israayil gépp, ca wàllaa dexu Yurdan, ca
màndiŋ ma, fa joor ga jàkkaarlook Suf,
diggante Paran ak Tofel ak Laban ak
Àccerot ak Disayab.
2 Fukki fan ak benn mooy dox diggante
tundu Xoreb ba Kades Barneya, boo ko
jaaree yoonu tundu Seyir.
3 Waaye ñeent fukkeelu at ma, gannaaw
ba bànni Israayil génnee Misra, keroog
benn fan ca fukkeelu weer waak benn, ca
la Musaa doora wax bànni Israayil
mboolem lu ko Aji Sax ji santoon ca ñoom.
4 Fekk na Musaa duma Sixon, ma
toogoon Esbon, di buurub Amoreen ña,
duma it Og buuru Basan ba dëkkoon
Astarot ak Eddrey.
5 Ca wàllaa dexu Yurdan, ca réewum
Mowab la Musaa tàmbalee leeral yoonu
Yàlla wii. Mu ne:

## Musaa fàttali na jaar-jaari Israayil

*(Saar 1.6—4.43)*

6 Sunu Yàlla Aji Sax ji da noo waxoon ca
Xoreb ne nu: «Seen toogaayub tund wii
doy na.
7 Walbatikuleen dem, jàll ca biir
diiwaanu tundi Amoreen ña, ak mboolem
réew ya mu feggool, ca joor ga, ak tund wa,
ak suufu tund ya, ak Negew ca bëj-saalum,
ba ca tefes ga, ca réewum Kanaaneen ña,
ak Libaŋ, ba ca Efraat, dex gu mag ga.
8 Mu ngoog, maa leen jox réew moomu.
Demleen nangu réew mi Aji Sax ji giñaloon
seeni maam Ibraayma ak Isaaxa ak
Yanqóoba, ñeel leen ñook seen askan wi
leen di wuutu.»
9 Musaa teg ca ne leen, jant yooyu laa
leen wax, ne leen: «Duma leen àttan yeen
ñépp, man doŋŋ.
10 Seen Yàlla Aji Sax ji moo leen ful, ba
yeena ngii tey, bare ba tollu ni biddiiwi
asamaan.
11 Yal na leen seen Yàllay maam Aji Sax ji
yokkati junniy yoon, te barkeel leen ni mu
leen ko waxe!
12 Waaye nu ma leen di àttane man
doŋŋ, ak seen coono, ak seeni lëj-lëj, ak
seeni jote?
13 Beralleen seen bopp ay nit ñu rafet
xel, amug dégg, te di ñu rààññiku ci seeni
giir. Su ko defee ma tabb leen, ñuy seeni
njiit.»
14 Ba loolu amee ngeen wax ma ne ma:
«Loolu nga wax de, xel la.»
15 Ci kaw loolu ma jël seen njiit yu rafet
xel yu rààññiku yi ngeen jukkee ci seeni
giir, daldi leen def seeni njiit, ñii yilif
kuréeli junniy nit, ñii téeméer, ñii juróom
fukk, ñii fukk, ñii diy jawriñ ci seeni giir.
16 Jant yooyu laa sant seeni àttekat ne
leen: «Deeleen déglu seeni bokk tey àtte
dëgg, diggante bànni Israayil ak mbokkam,
akub doxandéem.
17 Buleen far-farloo cib àtte, dégluleen ku
tuut, ni ngeen di dégloo ku mag, te buleen
ragal kenn, ndax àtte bi, Yàllaay boroom.
Bu leen mbir mi ëppee loxo nag, ngeen
indil ma ko, ma seet ko.»
18 Jant yooyu laa leen sant mboolem lu
ngeen wara def.

*Ndigalu yëri Kanaan jib na*

19 Gannaaw gi, nu bàyyikoo tundu Xoreb,
jaare mboolem màndiŋ mu yaa mu raglu
ma ngeen gis. Nu topp yoonu diiwaanu
tundi Amoreen ñi, na nu ko sunu Yàlla Aji
Sax ji sante woon, ba àgg Kades Barneya.
20 Ci kaw loolu ma ne leen: «Agsi ngeen
fii ci tundu Amoreen ñi nu sunu Yàlla Aji
Sax ji di jox.
21 Mu ngoog, seen Yàlla Aji Sax ji moo teg
réew mi fi seen kanam. Demleen nangu
ko, ni leen ko seen Yàllay maam Aji Sax ji,
waxe. Buleen ragal, buleen yoqi.»
22 Ci kaw loolu ngeen dikk yeen ñépp fi
man, ne ma: «Nan yebal aw nit, ñu jiitu nu,
yëral nu réew ma, te délsi wax nu yoon wu
nuy jaare, ak dëkk yu mag ya nuy duggeji.»
23 Ma rafetlu xel, ma tànn ci yeen fukki
góor ak ñaar, giir gu nekk genn góor.
24 Ñu walbatiku jubal yoonu diiwaanu
tund ya, ba àgg xuru Eskol, daldi seet
foofa,
25 ba noppi sàkk ca meññeefum réew ma,
indaaleel nu. Ñu wax nu nag ne nu: «Réew
mu baax la nu sunu Yàlla Aji Sax ji jox.»
26 Teewul bëgguleen woona dem, xanaa
di gàntal seen ndigalal Yàlla Aji Sax ji.
27 Ngeen di ñurumtu ci seen biiri xayma,
naan: «Bañ nu kay a tax Aji Sax ji jële nu
réewum Misra, teg nu ci loxoy Amoreen ñi,
ngir ñu rey nu.
28 Ana fu nu jëm? Te sunu bokk ya
demoon yoqiloo nu, ne nu waa réew maa
nu ëpp, sut nu, dëkk ya réy te dàbbalikoo ay
tata yu àkki asamaan. Rax ci dolli, ay
ponkal yu bokk ci askanu Anageen ñi lanu
fa gis!»
29 Ma wax leen yeen ne leen: «Buleen
yox-yoxi, buleen leen ragal.
30 Seen Yàlla Aji Sax ji leen jiitu, moom
moo leen di xeexal, noonee mu defoon ak
yeen ca Misra, ngeen gis,
31 ca màndiŋ ma it, gis ngeen na leen
seen Yàlla Aji Sax ji fabe, ni baay di fabe
doomam, ci yoon wi ngeen dox wépp, ba
agsi béreb bii.»
32 Loolu lépp taxul ngeen am kóolute ci
seen Yàlla Aji Sax ji,
33 ki leen daan jiitu ci yoon wi, ngir
sàkkal leen fu ngeen di dale: guddi, mu
nekk ci biir sawara, di leen niital yoon wu
ngeen jaare; bëccëg, mu nekkal leen ci biir
aw niir.
34 Ba Aji Sax ji déggee seeni kàddu, dafa
mer ba giñ ne:
35 «Du kenn ci nit ñii, maas gu bon gii,
kuy gis réew mu baax mi ma giñaloon
seeni maam.
36 Xanaa Kaleb doomu Yefune moo koy
gis, te réew ma mu teg tànkam, moom laa
koy jox, mook askanam, ndax moo matal
kóolute ci Aji Sax ji.»
37 Man itam Aji Sax ji mere na ma ci
ndax yeen, ba ne ma: «Yaw itam doo ca
dugg.
38 Yosuwe doomu Nuun, mi nekk ci sa
kilifteef, moo cay dugg. Nanga ko ñaax,
ndax moom mooy jox Israayil réew ma.
39 Seen tuut-tànk yi ngeen noon dees na
leen sëxëtoo, seen doom yii xamagul lu
baax ak lu bon, ñooy duggi réew ma. Ñoom
laa koy jox, te ñoo koy nangu.
40 Yeen nag walbatikuleen dellu màndiŋ
ma, topp yoonu géeju Barax ya.»
41 Ci kaw loolu ngeen wax ma, ne ma:
«Noo tooñ Aji Sax ji. Waaye dinanu dem
xareji noonee nu ko sunu Yàlla Aji Sax ji
sante woon.» Ku nekk ci yeen daldi ràngoo
ngànnaayam, ngeen defe ne yéegi diiwaanu
tund wa dina leen yomb.
42 Aji Sax ji ne ma: «Wax leen ne leen
buñu dem, buñu xeexi ndax man Aji Sax ji
àndumaak ñoom. Lu ko moy dinañu daanu
ci seen kanami noon.»
43 Ma wax leen ko, dégluwuleen, xanaa
gàntal ndigalal Aji Sax ji, fétteeral, ba yéegi
diiwaanu tund wa.
44 Ba loolu amee Amoreen ña dëkke tund
woowa dikk, dajeek yeen, ne leen dann
niy yamb, yitte leen Seyir, ba Xorma.
45 Ngeen walbatiku, jooy ko Aji Sax ji,
Aji Sax ji dégluwu leen, faalewu leen.
46 Gannaaw gi, ngeen toog Kades, lu
yàgg la ngeen fa toog lépp.

# 2

1 Ba loolu amee nu walbatiku, dellu
màndiŋ ma, topp yoonu géeju Barax ya, na
ma ko Aji Sax ji waxe woon. Wër nanu
diiwaanu tundu Seyir ay fani fan.

### *Bànni Israayil teggi nañu*

2 Aji Sax ji wax ma, ne ma:

3 «Seen wërub tund wii doy na.
Walbatikuleen, jublu bëj-gànnaar.
4 Mbooloo mi ngay sant ne leen: “Yeena
ngi waaja jéggi seen kemu réewum bokki
Esaween, ñi dëkke Seyir. Dinañu leen
ragal, waaye nangeen moytu bu baax.
5 Buleen xeex ak ñoom, ndax duma leen
jox ci seen suuf fu téstën sax tege, ngir
Esaween ñi laa sédd diiwaanu tundu Seyir.
6 Aw ñam, weccikoo leen kook ñoom
xaalis, door koo lekk; am ndox it, nangeen
ko jëndeek ñoom, door koo naan.
7 Ndax yeen kat seen Yàlla Aji Sax ji moo
barkeel seen mboolemu ñaq te moo
ràññee seen doxub màndiŋ mu yaa mii.
Ñeent fukki at a ngii seen Yàlla Aji Sax jaa
ngeek yeen, ñàkkuleen dara.”»
8 Ba mu ko defee nu romb sunu bokki
Esaween ñi dëkke Seyir. Danoo wacc
yoonu joor ga, ak Elat ak Eccon Geber,
daldi walbatiku jaareji màndiŋu Mowab.
9 Ba loolu amee Aji Sax ji ne ma: «Buleen
dal ci kaw Mowabeen ñi, di leen songub
xare, ngir duma leen jox benn cér ci
seenum réew, ndax askanu Lóot laa sédd
réewum Ar.»
10 Emeen ñaa fa njëkkoona dëkk, askan
wu am kàttan lañu woon, bare, yegg ca
kaw ni Anageen ñi.
11 Ay Refayeen lañu jàppe woon Emeen
ñooñu ak Anageen ñi, teewul Mowabeen
ñi di leen woowe ay Emeen.
12 Seyir nag la Oreen ña njëkkoona dëkk,
waaye Esaween ñaa leen fa dàqe, rey leen,
wuutu leen, noonu Israayil def rekk ak
céru suufam bi leen Aji Sax ji jox.
13 Aji Sax ji neeti: «Nangeen jàll walum
Seredd.» Nu jàll walum Seredd.
14 Diggante ba nu bàyyikoo Kades
Barneya di dox, ba keroog bés ba nu jàllee
walum Seredd, fanweeri at ak juróom ñett
la. Fekk na mboolem maasu góor ña tollu
woon ci xare, ca ndoortel yoon wa, ñoom
ñépp a wuute dal ba, dee ba jeex, na leen
ko Aji Sax ji giñale woon.
15 Aji Sax jee leen toppe diisaayu
loxoom, wollee leen ci biir dal bi, ba ñu
jeex tàkk.
16 Ba mboolem ña tollu woon ci xare
deewee ba jeex, ba ñoom ñépp wuute ca
mbooloo ma,
17 Aji Sax ji wax ma, ne ma:
18 «Yaa ngi waaja jéggi kemu réewum
Mowab, ca Ar.
19 Bu ngeen àggee ca Amoneen ña nag,
buleen dal ci seen kaw, buleen xeex ak
ñoom, ndax duma leen jox benn cér ci
réewum Amoneen ñi, ngir askanu Lóot
woowu laa ko sédd.»
20 Diiwaan boobu it réewum Refayeen
lees ko jàppe woon, te Refayeen ñaa fa
njëkkoona dëkk. Teewul Amoneen ñi di
leen woowe ay Samsumeen,
21 askan wu am kàttan, bare, te yegg ca
kaw ni Anageen ñi. Aji Sax jee bóom
Amoneen ñi ci seen kanam, Amoneen ñi
dàq leen, sanc, wuutu leen.
22 Mooy na mu defaloon Esaween ña
dëkke Seyir rekk, ba mu bóome Oreen ña ci
seen kanam, Esaween ña dàq leen, sanc,
wuutu leen, ba bésub tey jii.
23 Aween ña dëkke woon dëkk yu ndaw
ya dem, ba àkki Gasa nag, Kaftoreen ña
bàyyikoo Keret ñoo leen bóom, wuutu leen.

## *Israayil nangu na penkub dexu Yurdan*

24 Aji Sax ji neeti: «Ayca, fabuleen, jàll
walum Arnon. Mu ngoog, maa teg ci seen
loxo, Sixon Amoreen ba, buurub Esbon,
mook réewam. Dalleen di nangu réew mi,
song ko xare.
25 Bés niki tey maa tàmbalee wàcce
njàqareek tiitaange ci kaw mboolem askan
yi asamaan tiim, ba bu ñu déggee seenum
riir, dañuy jaaxle, di lox.»
26 Musaa waxati ak bànni Israayil, ne
leen: Ci kaw loolu ma yebal ay ndaw yu
bàyyikoo màndiŋu Kedemot, ba ca Sixon
buurub Esbon. Ma yóbbante ko kàdduy
jàmm, ne ko:
27 «May nu, nu jaare sam réew. Yoon wi
rekk lanuy topp; dunu jàdd ndijoor, dunu
jàdd càmmoñ.
28 Aw ñam, xaalis nga nu koy weccee, nu
lekk; am ndox sax, xaalis nga nu koy joxe,
nu naan. May nu rekk nu dox, ba jàll.
29 Noonu nu Esaween ña dëkke Seyir
defaloon ñook Mowabeen ña dëkke Ar
rekk. Su ko defee nu mana jàll dexu
Yurdan, ba àgg ca réew ma nu sunu Yàlla
Aji Sax ji jox.»

30 Sixon buurub Esbon nag nanguwu
noo may nu jaare fa moom, ndax booba
seen Yàlla Aji Sax ji moo dëgëral boppam,
wowal xolam, ngir teg ko ci seen loxo niki
bésub tey jii.
31 Aji Sax ji ne ma: «Gis nga, maa ngi nii
tàmbalee teg Sixon akum réewam ci seen
loxo. Dalleen di nangum réewam.»
32 Ba mu ko defee Sixon dikk dajeek
nun, mook gàngooram gépp, ngir song nu
xare ca Yaxacc.
33 Sunu Yàlla Aji Sax ji daane ko fi sunu
kanam, nu duma ko, mook ay doomam, ak
gàngooram gépp.
34 Jant yooyu lanu nangu dëkkam yépp,
faagaagal dëkk yépp: góor ak jigéen ba ca
tuut-tànk ya, bàyyiwunu kuy dund.
35 Xanaa jur ga lanu sëxëtoo, ak
mboolem alali dëkk ya nu nangu.
36 La ko dale Arower ga tiim walum
Arnon, boole ca dëkk ba ca xur wa, ba ca
Galàdd, du benn dëkk bu nu të. Foofu fépp
la sunu Yàlla Aji Sax ji daane fi sunu
kanam.
37 Réewum Amoneen ña doŋŋ ngeen
jegewul; muy réew ma leru dexu Yabog, ak
dëkki tund ya, mboolem daal, fu nu sunu
Yàlla Aji Sax ji aaye woon.

# 3

1 Ba loolu wéyee nu walbatiku, awe
yoonu Basan, Og buuru Basan ànd ak
gàngooram gépp, dajejeek ñoom, song leen
xare ca Eddrey.
2 Aji Sax ji ne ma: «Bu ko ragal, ndax ci
say loxo laa ko teg, mook gàngooram gépp,
akum réewam. Nanga ko def na nga
defoon Sixon buurub Amoreen ba woon
fa Esbon.»
3 Noonu la sunu Yàlla Aji Sax ji tege Og
buuru Basan itam ci sunuy loxo, mook
gàngooram gépp, nu duma leen ba desewul
kuy dund.
4 Booba lanu nangu mboolemi dëkkam.
Amul benn dëkk bu nu nanguwul ci ñoom:
juróom benn fukki dëkk, mboolem
diiwaanu Argob, ba bokk ca nguurug Og
ca Basan.
5 Yooyu yépp di dëkk yu dàbbalikoo tata
yu kawe, ak bunt yu tëje ràpp, te
limaaleesul dëkk-dëkkaan yu baree bare,
yu dara wërul.
6 Nu faagaagal leen, na nu defoon ak
Sixon buurub Esbon. Dëkk yépp lanu
faagaagal: góor ak jigéen ba ca tuut-tànk
ya.
7 Mboolem jur gaak alali dëkk ya nag, nu
sëxëtoo.
8 Jant yooyu lanu nangoo ci loxol ñaari
buuri Amoreen ñooña ca wàllaa dexu
Yurdan, réew ma dale ca xuru Arnon, ba
ca tundu Ermon.
9 Ermon googu la waa Sidon di woowe
Siryoŋ, Amoreen ñi di ko woowe Senir.
10 Mboolem dëkki joor ga lanu nangu, ak
mboolem diiwaanu Galàdd, ak mboolem
Basan, ba ca Salka ak Eddrey, dëkki
nguurug Og mu Basan.
11 Mennum Og buuru Basan doŋŋ moo
muccoon ca ndesu Refayeen ñu ponkale
ña. Lalam ba, lalu weñ gu ñuul la. Ma nga
noonee ca Raba, dëkkub Amoneen ña.
Guddaayu lal ba ci xasabu góor, juróom
ñeenti xasab la, di ñeenti meetar ak
genn-wàll, yaatuwaay ba, ñeenti xasab, di
ñaari meetar.

## *Séddale nañu penkub Yurdan*

12 Suuf soosu nu nangu ca jant yooya, te
dale ca Arower ga ca xuru Arnon ca
bëj-saalum, ak ca bëj-gànnaar, genn-wàllu
diiwaanu tundi Galàdd, aki dëkkam, maa
ko jox Rubeneen ñi, ak Gàddeen ñi.
13 Ndesu Galàdd ak mboolem Basan gu
nguurug Og, ma jox ko genn-wàllu giirug
Manase. Diiwaanu Argob gépp ak Basan
googu gépp, lañu daan woowe réewum
Refayeen ña.
14 Yayir mi askanoo ci Manase moo
nangu mboolem diiwaanu Argob, ba ca
kemu réewum Gesureen ña ak Maakateen
ña. Moo tudde boppam Basan googu, ba
tax ñu di ko woowe Sanci Yayir ba tey jii.
15 Askanu Makir laa jox diiwaanu
Galàdd*.
16 Rubeneen ñeek Gàddeen ñi laa jox la
dale diiwaanu Galàdd ba ca xuru Arnon,
diggu xur wa di seen kemu suuf ci genn
wet, dexu Yabog di seen kemu ñook
Amoneen ña.

* **3.15 *Galàdd:*** genn-wàllu diiwaanu Galàdd ba ca bëj-gànnaar lay wax. Seetal ci 3.12.

17 Fa joor ga feggook dexu Yurdan it di
kemu, diggante dexu Kineret ca
bëj-gànnaar, ak ca bëj-saalumu géeju Xorom
ga, ba ba ngay àgg ca suufu tundu Pisga, ca
penku.
18 Jant yooyu laa sant Rubeneen ñi ak
Gàddeen ñi ak genn-wàllu giirug Manase,
ne leen: «Seen Yàlla Aji Sax ji moo leen jox
réew mii, ngir ngeen nangu ko. Na xarekat
yépp gànnaayu, jàll, jiitu seen bokki bànni
Israayil.
19 Seeni jabar doŋŋ, ak seeni doom ak
seenug jur, ndax xam naa ne jur gu takku
ngeen am, ñooy des ci seen dëkk yi ma leen
jox ca penkub Yurdan.
20 Dimbalileen seen bokki bànni Israayil
ba keroog Aji Sax ji di leen noppal ni mu
leen noppale yeen, fekk seen bokk yi
nangu, ñoom it, réew mi leen seen Yàlla Aji
Sax ji jox, ca sowu ba ca wàllaa dexu
Yurdan. Su ko defee ku nekk ci yeen saña
dellu ca céru suufam ba ma ko jox.»
21 Yosuwe itam, sant naa ko ci jant
yooyu ne ko: «Sa bët moo la may nga gis
mboolem ni seen Yàlla Aji Sax ji def ak
ñaari buur yii. Noonu rekk la Aji Sax jiy
def ak mboolem nguur ya nga jëm.
22 Buleen leen ragal, ndax seen Yàlla Aji
Sax ji moo leen di xeexal.»

### *Musaa duggul Kanaan*

23 Jant yooyu laa tinu Aji Sax ji, ne ko:
24 «Éy Boroom bi Aji Sax ji, yaa ma
wonagum lenn ci sa màggaay ak sa doole,
Sang bi. Ana yàlla ju nekk asamaan, mbaa
ci kaw suuf ju mana roy say jëf ak say
jaloore?
25 May ma rekk ma jàll, ba gis réew mu
baax, ma ca wàllaa dexu Yurdan, tund wu
rafet woowu ba ca Libaŋ!»
26 Waaye fekk na Aji Sax ji mere ma lool
ndax yeen, ba faalewu ma. Aji Sax ji ne
ma: «Na doy. Bu ma waxati lu jëm ci loolu.
27 Yéegal ba ca kaw tundu Pisga, nga
dawal sa bët, te séenu réew ma wetu sowu,
ba bëj-gànnaar, bëj-saalum, ba penku.
Xoolal bu baax, ndax doo jàll dexu Yurdan
gii.
28 Waaye nanga yebal Yosuwe, ñaax ko,
soññ ko, ndax moom mooy jàll, jiite
mbooloo mii, te moo leen di jox réew
moomu ngay séen.»
29 Ba mu ko defee nu toog ca xur wa
janook Bet Pewor.

# 4

### *Musaa ñaax na bànni Israayil*

1 Léegi nag yeen waa Israayil, dégluleen
dogali yoon yeek àttey yoon yii ma leen di
xamal, ngir ngeen di ko jëfe, ndax ngeen
dund ba dugg, nanguji réew ma leen Aji
Sax ji seen Yàllay maam, di jox.
2 Buleen yokk dara ci kàddu gi ma leen
di dénk, te buleen ci wàññi lenn, ndax
ngeen sàmm seen santaaney Yàlla Aji Sax ji
ma leen di dénk.
3 Seen bët moo leen may la Aji Sax ji def
ca Baal Pewor. Mboolem ku toppoon tuur
ma ñuy wax Baal ca Pewor, seen Yàlla Aji
Sax ji moo ko sànke ci seen biir.
4 Waaye yeen ñi ŋoyoon ci seen Yàlla Aji
Sax ji, yeen ñépp a ngi dund tey jii.
5 Mu ngoog, jàngal naa leen ay dogali
yoon aki àttey yoon, na ma ko sama Yàlla
Aji Sax ji sante, ngir ngeen war koo jëfe ca
biir réew ma ngeen di nanguji.
6 Sàmmooleen koo jëfe, ndax mooy doon
seenug rafet xel, ak seenug ràññee fi
kanam xeet yi, ba bu ñu déggee mboolem
dogali yoon yii, dinañu ne: «Wii askan wu
mag rekk a rafetum xel te ràññee!»
7 Ana wan xeet wu mag wu am yàlla ju
leen jege ni nu sunu Yàlla Aji Sax jiy jegee
saa yu nu ko woowee wall?
8 Ana xeet wu ko màgge, ba am dogali
yoon ak àttey yoon yu jekke ni yoon wii
ma joxe fi seen kanam bésub tey?
9 Waaye wattuleen, wattuleen seen
bopp bu baax, bala ngeena fàtte mbir yi
ngeen teg seen bët, ba du génn seenum xel
seen giiru dund gépp. Te nangeen ko
xamal seeni doom ak seeni sët.
10 Bés ba ngeen taxawee fa seen kanam
Yàlla Aji Sax ji, fa tundu Xoreb, Aji Sax jee
ma ne: «Dajaleel ma mbooloo mi, ma dégtal
leen samay kàddu, ngir ñu tàggatu ci ragal
ma, li feek ñuy dund ci kaw suuf, te seeni
doom it, ñu tàggat leen ci.»
11 Yeena dikk taxaw ca suufu tund wa,
tund wa ne jippét, sawara wa jolli ba ca

xolu asamaan, ci biir xàmbaari guddi gu ne
këruus.
12 Aji Sax ji àddoo ca digg sawara wa,
wax ak yeen, ngeen di dégg baat, te jëmm,
gisuleen ko, xanaa baat doŋŋ.
13 Ci kaw loolu mu biralal leen kóllëreem
gi mu leen sant ngeen sàmm ko, muy fukki
santaane yi. Mu daldi leen bindal
santaane yi ci ñaari àlluway doj.
14 Man nag la Aji Sax ji sant ca yooya
jant, ne ma xamal leen dogali yoon yeek
àttey yoon yi ngeen wara jëfe ca réew ma
ngeen jëm, ngir nanguji ko.

## *Yoon wi aayal na bokkaale*

15 Nangeen wattu seen bopp bu baax
nag ndax keroog ba Aji Sax jiy àddoo ca
digg sawara wa, wax ak yeen ca tundu
Xoreb, gisuleen jenn jëmm.
16 Kon buleen defug yàqute, di sàkkal
seen bopp menn tuur muy jëmmal lenn lu
mel ni góor mbaa jigéen,
17 mbaa lu mel ni menn malam suuf,
mbaa malam kaw mu mel ni njanaaw,
18 mbaa lu mel ni ndëgmeent di raam,
mbaa lu mel niw jën, nekk ci ndox mu
suuf tiim.
19 Buleen séentu asamaan, gis jant bi,
mbaa weer wi, mbaa biddiiw yi, ak
mboolem leeri asamaan, ba mu xiirtal
leen ci di leen sujjóotal aka jaamu, te seen
Yàlla Aji Sax ji féetale yooyii mboolem xeet
yi asamaan tiim.
20 Yeen nag Aji Sax jee leen jël, génne
leen Misra, taalu xellikaayu weñ gu ñuul
ba, ngir ngeen doon ñoñam ñi mu séddoo
niki bésub tey.
21 Waaye yeena tax Aji Sax ji mere ma
ba giñ ne duma jàll dexu Yurdan, te duma
dugg ca réew mu baax, ma leen seen Yàlla
Aji Sax ji moomale.
22 Man nag ci réew mii laay deewe. Du
maay jàll dexu Yurdan. Waaye yeen
yeenay jàll, ba nanguji réew mu baax
moomu.
23 Wattuleen seen bopp ba baña fàtte
kóllëre gi seen Yàlla Aji Sax ji fas ak yeen,
di sàkkal seen bopp tuur muy jëmmal lenn,
te seen Yàlla Aji Sax ji aaye leen ko.
24 Seen Yàlla Aji Sax ji kat, mooy sawara
wuy xoyome, Yàlla ju fiir la.
25 Bu ngeen demee ba am ay doom aki
sët, fekk leen yàgg ca réew ma, su boobaa
su ngeen defee ag yàqute, di sàkk am tuur,
ak jëmmu lu mu mana doon, mbaa ngeen
def lenn lu seen Yàlla Aji Sax ji ñaawlu, lu
koy merloo,
26 maa ngi sàkku asamaan ak suuf
seedeel maak yeen bésub tey jii ne, su
boobaa yeenay sànkoo sànku ci lu gaaw, ba
wuute ca réew ma ngeen jàll dexu Yurdan,
jëm fa, ngir nanguji ko. Su boobaa
dungeen fa yàgge, ndax dees leen di
raafal, ba ngeen jeex tàkk.
27 Aji Sax ji moo leen di tasaare ci biir
xeet yi, te lu néew la seenu ndes di doon ci
biir xeeti jàmbur yi leen Aji Sax jiy dàq
jëme.
28 Foofa ngeen di jaamoo ay yàlla yu
loxoy nit sàkke bant, mbaa doj, yàlla yu dul
gis, duñu dégg, duñ lekk, duñ xeeñtu.
29 Waaye su ngeen fa wëree seen Yàlla Aji
Sax ji, dingeen ko gis, ndegam seen léppi
xol ak seen léppi jëmm ngeen ko wute.
30 Bu leen njàqare dikkalee, fekk
mboolem mbir yooyu dab leen, su boobaa
dingeen mujj délsi ci seen Yàlla Aji Sax ji te
dingeen ko déggal.
31 Ndax seen Yàlla Aji Sax ji Yàllay
yërmande la. Du leen wacc, du leen yàqate
te du fàtte kóllëre ga mu fasoon ak seeni
maam ci kaw ngiñ.

## *Ab jagle ñeel na Israayil*

32 Seetleen rekk ci janti démb yi leen
jiitu, la dale bés ba Yàlla sàkke nit fi kaw
suuf, mbaa ngeen seet asamaan, cat ba
cat. Ndax lu màgge nii mas naa am? Am
masees naa dégg lu ni mel?
33 Ana askan wu masa dégg baatu Yàlla
bu jibe ci sawara, ni ngeen ko dégge te
dese bakkan?
34 Jan yàlla moo masa fexee dikk foqatil
boppam aw xeet, jële leen ci weneen xeet,
ci biiri nattu, aki firnde aki kéemaan ak
xare yu mu sottale dooley loxoom, ak
kàttanu përëgam, ak jëf ju raglu, noonee
leen ko seen Yàlla Aji Sax ji defale ca
Misra, ngeen teg ci bët?
35 Yeen déy lañu won loolu lépp ngir
ngeen xam ne Aji Sax ji doŋŋ mooy Yàlla,
te jeneen yàlla amul, ju dul moom.

36 Fa asamaan la àddoo, dégtal leen
baatam, ngir yar leen, ci kaw suuf it la
leen wone sawaraam su mag sa, te ay
kàddoom ngeen dégg, mu jibe ca diggu
sawara sa.
37 Sopp seeni maam nag moo tax mu
tànn leen, yeen askan wi leen wuutu,
génneel leen boppam Misra, ci dooleem ju
bare,
38 ngir dàqal leen xeet yu leen sut, ëpp
leen doole, ba dugal leen seenum réew,
sédd leen ko bés niki tey.

39 Kon xamleen tey te delloosi ci seen
xel, ne Aji Sax ji mooy Yàlla fa kaw
asamaan ak fi kaw suuf. Du keneen.
40 Sàmmleen dogali yoonam, ak
santaaneem yi ma leen dénk bés niki tey,
ngir seen njariñal bopp, yeen ak seen
doom yi leen di wuutu, te ngeen yàgg ca
réew ma leen seen Yàlla Aji Sax ji jox ba
fàww.

### *Amal nañu ay dëkki rawtu ca penkub Yurdan*

41 Ba loolu wéyee Musaa ber ñetti dëkk
ca penkub dexu Yurdan,
42 mu diy rawtu ci ku rey moroomu
nitam, te reyu ko cig teyeef, wonu ko
woon it mbañeel, lu jiitu loola. Kooku sañ
naa làquji ci dëkk yooyu benn, ngir rawale
bakkanam.
43 Dëkk yooyu ñoo doon Beccer ga ca
màndiŋ ma, ca kaw joor ga, su dee ab
Rubeneen; ak Ramot ga ca Galàdd, su dee
ab Gàddeen; ak Golan ga ca diiwaanu
Basan, su dee ab Manaseen.

## Musaa baamtu na yoon wi

*(Saar 4.44—11.32)*

44 Lii moo di ndigalu yoon wi Musaa
biraloon fi kanam bànni Israayil.
45 Lii moo di seedey yoon yi ak dogali
yoon yi ak àttey yoon yi Musaa dénkoon
bànni Israayil, gannaaw ba ñu bàyyikoo
Misra,
46 ca wàllaa dexu Yurdan, ca xur wa
janook Bet Pewor, ca réewum Sixon
buurub Amoreen ba toogoon Esbon, te
Musaa ak bànni Israayil duma woon ko, ba
ñu génnee Misra.
47 Ñoo nangu am réewam, ak réewum Og
buuru Basan, ñaari buuri Amoreen ña
moomoon wàllaa dexu Yurdan, ca penku.
48 Noonu la bànni Israayil nangoo suuf
sa dale ca Arower, ga ca catal walum
Arnon, ba ca tundu Siyoŋ* ga ñuy wax
itam Ermon.
49 Boole nañu ca itam mboolem joor ga
nekk wàllaa dexu Yurdan, ca penku, ba àgg
ca géeju Xorom ga, ca suufu tundu Pisga.

# 5

### *Fukki santaanee ngi*

1 Musaa moo woo bànni Israayil gépp,
wax leen ne leen: Yeen, bànni Israayil,
dégluleen dogali yoon yi ak àttey yoon yi
may wax, ngeen dégg, tey. Jàngleen ko te
farlu koo jëfe.
2 Sunu Yàlla Aji Sax ji moo fasoon kóllëre
ak nun ca tundu Xoreb.
3 Du sunuy maam rekk la Aji Sax ji
fasoon kóllëre gii ak ñoom; waaye ñook nun
ñi fii tey, mboolem nun ñiy dund, ci lanu.
4 Ci biir jàkkaarloo la Aji Sax ji waxe
woon ak yeen ca kaw tund wa, àddoo ca
digg sawara wa.
5 Maa taxaw diggante Aji Sax jeek yeen,
jant yooyu, di leen jottali kàddug Aji Sax ji,
ndax yeena ragaloon sawara wa, ba
yéeguleen ca kaw tund wa. Mu ne:
6 «Man Aji Sax ji maay seen Yàlla ji leen
génne réewum Misra, kërug njaam ga.
7 «Buleen am yeneen yàlla ci sama
kanam.
8 «Buleen sàkkal seen bopp tuur muy
jëmmal lenn lu nekk ci kaw asamaan,
mbaa ci kaw suuf, mbaa lu nekk ci ndox
mu suuf tiim.
9 Buleen ci sujjóotal lenn, buleen ci
jaamu lenn, ndax man seen Yàlla Aji Sax ji,
Yàlla ju fiir laa. Maay topp doom tooñu
waajur, ba ca seen maasi sët, ba ca
maasug sëtaati nit ñi ma bañ.
10 Waaye maay baaxe ñi ma sopp, di
sàmm samay santaane, ba ci junniy maas
ya toppante.
11 «Buleen tudd seen turu Yàlla Aji Sax ji
ci neen, ndax Aji Sax ji du ñàkka topp kuy
tudd aw turam ci neen.

---

* **4.48** Gii ***Siyoŋ*** wuute na ak weneen tur wi ñuy woowe Yerusalem.

12 «Sàmmleen bésu Noflaay bi, ngir sellal
ko, ni leen ko seen Yàlla Aji Sax ji sante.
13 Juróom benni fan ngeen wara liggéey,
def ci seen soxla yépp.
14 Waaye bésub juróom ñaareel ba,
Noflaay lay doon, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji.
Buleen ci liggéey lenn; du yeen, du seen
doom ju góor, ak ju jigéen, du seen jaam bu
góor, ak bu jigéen, du seen nag, du seen
mbaam, du mboolem seenug jur, du seen
gan gu nekk ci seen biir dëkk. Su ko defee
seen jaam bu góor, ak seen jaam bu jigéen
mana dallu ni yeen.
15 Fàttalikuleen ne ay jaam ngeen woon
ca réewum Misra. Seen Yàlla Aji Sax ji moo
leen fa génnee dooley loxoom, ak kàttanu
përëgam. Moo tax seen Yàlla Aji Sax ji sant
leen ngeen wàccoo ak bésu Noflaay bi.
16 «Teralleen seen ndey ak seen baay, ni
leen ko seen Yàlla Aji Sax ji sante, ndax
ngeen gudd fan, ndax it ngeen baaxle ca
suuf sa leen seen Yàlla Aji Sax ji jox.
17 «Buleen bóom.
18 «Buleen njaaloo.
19 «Buleen sàcc.
20 «Buleen seedeel seen moroom lu dul
dëgg.
21 «Buleen xédd seen jabaru dëkkandoo,
buleen xemmem këram, mbaa toolam,
mbaa jaamam bu góor, mbaa jaamam bu
jigéen, mbaa aw nagam, mbaa mbaamam,
mbaa mboolem seen alalu dëkkandoo.»
22 Kàddu yii la Aji Sax ji wax seen ndaje
ma mépp, ca tund wa, ba mu àddoo ca digg
sawara wa, kàddu gu xumb, ci biir xàmbaar
gu lëndëm këruus. Tegaatu ca dara. Mu
daldi bind kàddu yi ci ñaari àlluway doj, jox
ma.
23 Ba ngeen déggee kàddu gay jibe ca
lëndëm ga, tund wa jàpp, di tàkk, yeena
dikk, seen mboolem kilifay giir ak seeni
mag, ba ci man.
24 Ngeen ne ma: «Sunu Yàlla Aji Sax ji kat,
moo nu won darajaam ak màggaayam.
Kàddoom lanu dégg, mu jibe ca digg sawara
wa. Bésub tey noo gis Yàlla wax ak doom
aadama, ba noppi, muy wéye bakkanam!
25 Waaye lu nuy jaayati nag sunu
bakkan, doye? Ndax kat, sawara wu réy
wii, su nu déggatee sunu kàddug Yàlla Aji
Sax ji, da nuy xoyom.
26 Ana ci mboolem boroomu suux, ku ci
masa dégg kàddug Yàlla jiy dund, mu jibe ci
sawara, nii nu ko dégge, ba noppi di dund?
27 Jegejil yaw te déglu mboolem li sunu
Yàlla Aji Sax ji wax. Yaw yaa nuy àgge
mboolem li la sunu Yàlla Aji Sax ji wax, nu
dégg, jëfe.»
28 Ci biir loolu Aji Sax ji dégg la ngeen ma
wax. Mu ne ma: «Dégg naa li la mbooloo
mii wax. Ñoo yey wax yooyu kàddu yépp.
29 Waaye céy bu ñu amoon boobu xol
ngir ragal ma, di sàmm sama santaane
yépp bés bu nekk, ba tax ñu baaxle, ñoom
ak seen askan, ba fàww!
30 Demal, nga ne leen ñu dellu ca seeni
xayma.
31 Yaw nag, taxawal fi man, ba ma jox la
mboolem santaane bi, dogali yoon yi ak
àttey yoon yi nga leen di jàngal, te ñu war
koo jëfe ca réew ma ma leen jox, ngir ñu
nangu ko.»
32 Kon nag sàmmooleen koo jëfe ni leen
ko seen Yàlla Aji Sax ji sante. Buleen lajjee
ndijoor mbaa càmmoñ.
33 Mboolem yoon wi leen seen Yàlla Aji
Sax ji teg, toppleen ko, ndax ngeen dund,
baaxle te gudd fan ca réew ma ngeen di
moom.

# 6

## *Aji Sax ji kenn la*

1 Lii mooy santaane bi ak dogali yoon
yeek àttey yoon yi seen Yàlla Aji Sax ji
santaane ma jàngal leen ko, ngir ngeen di
ko jëfe ca réew ma ngeen jàll jëm, ngir
nanguji ko,
2 ndax ngeen ragal seen Yàlla Aji Sax ji,
di sàmm mboolem dogali yoonam ak
santaaneem yi ma leen di dénk, yeen ak
seeni doom ak seeni sët, seen giiru dund,
su ko defee ngeen gudd fan.
3 Kon yeen Israayil, dégluleen te sàmmoo
jëfe, ndax ngeen baaxle te yokku bu baax,
ni leen ko Aji Sax ji seen Yàllay maam
waxe, ca réew ma meew maak lem ja
tuuroo.
4 Dégluleen, yeen bànni Israayil, Aji Sax ji
sunu Yàlla, Aji Sax ji kenn la.
5 Seen Yàlla Aji Sax ji, soppeleen ko seen
léppi xol ak seen léppi jëmm ak seen léppi
doole.

6 Kàddu yii ma leen di dénk bésub tey, na
dëkk ci seen xol.
7 Nangeen ko xamal seeni doom, di ko
waxe bu ngeen toogee seen biir néeg, ak
bu ngeen di dox ciw yoon, ak bu ngeen
tëddee, ak bu ngeen jógee.
8 Takkleen ko, muy firnde ci seen loxo,
te na doon am mbandal ci seen diggantey
gët.
9 Te itam bindleen ko ci seen kaw jëni
buntu néeg, ak ci seen bunti dëkk.
10 Bu ngeen demee ba seen Yàlla Aji Sax
ji yóbbu leen ca réew ma mu giñaloon seeni
maam Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba,
ne yeen la koy jox, muy dëkk yu mag yu
baax yu ngeen tabaxul,
11 kër ya feese mboolem lu baax lu
ngeen ko feesaluloon, ak teen yu ngeen
gasul, ak garabi reseñ ak oliw yu ngeen
jëmbatul; bu ngeen ca lekkee ba regg,
12 wattuleen seen bopp bala ngeena
fàtte Aji Sax ji leen génnee réewum Misra,
kërug njaam ga.
13 Seen Yàlla Aji Sax ji, ragalleen ko.
Moom ngeen di jaamu, te aw turam ngeen
di giñe.
14 Buleen topp yeneen yàlla, ci yàllay
xeet yi leen séq.
15 Ndax kat seen Yàlla Aji Sax ji ci seen
biir, ku fiir la. Lu ko moy sànjum Aji Sax ji
dina tàkk ci seen kaw, te dina leen sànk, ba
raafal leen ci kaw suuf.
16 Buleen seetlu seen Yàlla Aji Sax ji, na
ngeen ko seetloo woon ca Maasa.
17 Sàmmleen a sàmm seen santaaney Yàlla
Aji Sax ji, ak seedey yoonam ak dogali
yoonam yi mu leen dénk.
18 Jëfeleen njub ak mbaax gi Aji Sax ji
rafetlu. Su ko defee dingeen baaxle, ba
dem, nanguji réew mu baax mi Aji Sax ji
giñaloon seeni maam,
19 te dingeen fa dàqe seen noon yépp, na
ko Aji Sax ji waxe woon.
20 Bu leen seen doom laajee ëllëg, ne
leen: «Ana lu waral seedey yoon yi ak
dogali yoon yeek àttey yoon yi leen sunu
Yàlla Aji Sax ji dénk?»
21 Su boobaa waxleen seen doom, ne ko:
«Ay jaami Firawna lanu woon ca Misra,
waaye Aji Sax jee nu génnee Misra ci
dooley loxoom.
22 Aji Sax jee nu defal ay firnde, ak
kéemaan yu mag te metti ci kaw Misra ak ci
kaw Firawna ak ci kaw waa këram gépp,
nu teg ci sunuy gët.
23 Nun nag, moo nu fa jële, ngir indi nu
ci réew mi mu giñaloon sunuy maam, ne
nun la koy jox.
24 Moo nu sant nuy jëfe mboolem dogali
yoon yii, te ragal sunu Yàlla Aji Sax ji, ngir
nu baaxle bés bu nekk, ngir itam mu sàmm
sunu bakkan ni bésub tey jii.
25 Dees na nu limal ñu jub ndegam
sàmmoo nanoo jëfe mboolem santaane yii,
fi sunu kanam Yàlla Aji Sax ji, ni mu ko
santaanee.»

# 7

*Dogook yenn xeet yi war na Israayil*

1 Bu leen seen Yàlla Aji Sax ji yóbboo réew
ma ngeen jëm, ngir nanguji ko, moo fay
dàqe xeet yu bare fi seen kanam: Etteen ñi
ak Girgaseen ñi ak Amoreen ñi ak
Kanaaneen ñi ak Periseen ñi ak Eween
ñeek Yebuseen ñi; juróom ñaari xeet yu
leen ëpp, ëpp leen doole.
2 Bu leen leen seen Yàlla Aji Sax ji
jébbalee, ba ngeen duma leen, nangeen
leen faagaagal ba ñu jeex tàkk. Buleen
fasook ñoom kóllëre, te buleen leen yërëm.
3 Buleen séyanteek ñoom: seen doom ju
jigéen, buleen ko may doomu xeet yooyu,
jigéenu xeet yooyu it, buleen ko jëlal seen
doom ju góor.
4 Ndax dañu may dëddale ak seen doom
yu góor, ñu mujj di jaamu yeneen yàlla, ba
sànjum Aji Sax ji tàkk ci seen kaw yeen,
bóom leen ci lu gaaw.
5 Ni ngeen di def ak ñoom kay mooy nii:
seeni sarxalukaay, ngeen màbb; seen tuuri
doj, ngeen rajaxe; seen xer yi ñuy jaamoo
Asera tuur mi, ngeen gor; seen jëmmi tuur,
ngeen lakk.
6 Ndax kat askan wu sell ngeen, ñeel
seen Yàlla Aji Sax ji. Yeen la seen Yàlla Aji
Sax ji tànn, ngir ngeen doon askan wi mu
séddool boppam, ci mboolem askani kaw
suuf.
7 Du seen barewaay bu ngeen ëpplee
xeet yépp moo tax Aji Sax ji naw leen, ba
tànn leen, nde yeena gëna néew ci xeet
yépp.

8 Waaye cofeel gu leen Aji Sax ji sopp, ak sàmm gu mu sàmm ngiñam la mu giñaloon seeni maam, moo tax mu génnee leen dooley loxoom, jote leen ca kërug njaam ga, ak ca loxol Firawna buuru Misra.
9 Xamleen boog ne seen Yàlla Aji Sax ji moom mooy Yàlla; mooy Yàlla ju dëggu jiy sàmm kóllëre ak ngor ñeel soppeem ñiy sàmm ay santaaneem, sët ba sëtaat, ba ci junniy maas.
10 Waaye mooy fey ci saa si ay bañam, ngir sànk leen. Du yeexe bañam, ci saa si la koy fey.

11 Kon nag sàmmleen santaane bi ak dogali yoon yi ak àttey yoon yi ma leen dénk tey, ngir di ko jëfe.
12 Bu ngeen déggalee àttey yoon yii, te sàmmoo koo jëfe, su boobaa seen Yàlla Aji Sax ji dina sàmm diggam ak yeen, kóllëre ak ngor, ga mu giñaloon seeni maam.
13 Moo leen di sopp, barkeel leen, yokk leen, barkeel seen meññeefum njurukaay, ak seen meññeefum suuf; seen pepp ak seen biiñ, ak seenug diw, ak seen doomi jur gu gudd ak gu gàtt, ca réew ma mu giñaloon seeni maam, ne yeen la koy jox.
14 Su boobaa yeenay gëna barkeel mboolem xeet yi, te du lenn, góor ak jigéen, luy jaasir ci seen biir ak seen biirug jur.
15 Su boobaa Aji Sax jee leen di xàjjil mboolem wéradi. Mboolem jàngoroy Misra yu bon yu ngeen xamoon, du leen ci teg lenn, te mboolem seeni bañ la koy teg.
16 Bóomleen mboolem xeet yi leen seen Yàlla Aji Sax ji jébbal nag. Buleen leen xool bëtu yërmande, buleen jaamu seeni tuur, lu ko moy muy seenug fiir.

17 Jombul ngeen di wax ci seen xel naan: «Xeet yii gën noo bare, ana nu nu leen mana dàqe?»
18 Buleen leen ragal. Fàttalikuleen bu baax ni seen Yàlla Aji Sax ji def Firawna ak Misra gépp,
19 ak mitit yu réy ya ngeen gisal seen bopp, ak firnde yaak kéemaan ya, ak seen dooley loxol Yàlla Aji Sax jeek kàttanam gu réy, ga mu leen génnee. Noonu la seen Yàlla Aji Sax ji di def mboolem xeet yi ngeen ragal.
20 Te itam seen Yàlla Aji Sax ji, am mbas lay yebal ci seen kaw, ba seenu ndes wu leen làqu woon sànku.
21 Buleen am tiitaange ci ñoom, ndax seen Yàlla Aji Sax ji ci seen biir, Yàlla ju màgg la te raglu.
22 Seen Yàlla Aji Sax jee leen di dàqe fi seen kanam, ndànk-ndànk; dungeen leen mana gaawa jeexal, lu ko moy rabi àll yi mujj ne gàññ ci seen kaw.
23 Seen Yàlla Aji Sax ji moo leen di jébbal xeet yooyu, moo leen di salfaañe salfaañoo gu réy, ba ñu sànku.
24 Mooy teg seeni buur ci seeni loxo, ngeen far seenu tur fi asamaan tiim. Kenn ci ñoom du leen të, ba kera ngeen leen sànkee.
25 Seen jëmmi tuur yooyu nag, lakkleen leen. Buleen xemmem lenn luy xaalis mbaa wurus ci kaw tuur yi. Buleen ko aakimoo, lu ko moy muy seenug fiir, ndax loolu lu seen Yàlla Aji Sax ji seexlu la.
26 Buleen dugal yëf yu seexluwu seen biir néeg, lu ko moy àtteb aaye bi war ci yëf yooyu, moo leen di dab, yeen itam. Xofleen koo xof, seexlu koo seexlu, ndax yëf yooyu, aayalal a ci war.

# 8

*Xéewlu, fàtte, aay na*

1 Mboolem santaane bi ma leen dénk bésub tey nag, sàmmooleen koo jëfe, ndax ngeen dund, yokku, ba dugg nanguji réew ma Aji Sax ji giñaloon seeni maam.
2 Fàttalikuleen mboolem yoon wi leen seen Yàlla Aji Sax ji awale diiru ñeent fukki at yii ci màndiŋ mi, teg leen coono, nattu leen ngir xam li ci seen biir xol, xam ndax dingeen wormaal ay santaaneem, am déet.
3 Moo leen teg coono, xiifal leen, leel leen mànn mu ngeen xamul, te seeni maam xamuñu ko woon, ngir xamal leen ne du aw ñam doŋŋ la doom aadama di dunde, waaye gépp kàddu gu tukkee ci gémmiñu Aji Sax ji, dees na ko dunde.
4 Seeni yére ràppul, seeni tànk newiwul diiru ñeent fukki at yii.
5 Xamleen xéll ne ni baay di yare doomam, ni la leen seen Yàlla Aji Sax ji yare.

[6] Kon sàmmleen seen santaaney Yàlla Aji Sax ji, di topp ay yoonam te ragal ko.
[7] Ndax seen Yàlla Aji Sax jaa ngi leen di yóbbu réew mu baax; réew mu ami wal, ak bëti ndox, ak ndox yu wale ci xóotey xur aki tund,
[8] réewum bele ak lors ak reseñ ak figg ak gërënaat ak diwu oliw ak lem.
[9] Réew ma dungeen fa néewe njël, te dungeen fa ñàkke dara. Réew ma, ay dojam, weñ gu ñuul la, ay tundam, xànjar ngeen cay gase.
[10] Dingeen lekk ba regg, di sante seen Yàlla Aji Sax ji réew mu baax ma mu leen jox.

[11] Wattuleen seen bopp nag, bala ngeena fàtte seen Yàlla Aji Sax ji, baña sàmm ay santaaneem ak àttey yoonam ak dogali yoonam yi ma leen di dénk tey.
[12] Su ngeen lekkee ba regg, am kër yu baax yu ngeen tabax dëkke,
[13] seen jur gu gudd ak gu gàtt yokku, xaalis ak wurus yokkul leen, seen jépp alal yokku,
[14] su boobaa moytuleen daldi xoggaliku, fàtte seen Yàlla Aji Sax ji leen génnee réewum Misra, kërug njaam ga,
[15] ki leen wommate biir màndiŋ mu yaa mu raglu ma, ak jaani daŋar yaaki jiitam, ci biir maral ak ñàkkum ndox. Moo leen xellil ndox mu balle ci doj wu ne sereŋ.
[16] Moo leen leele ca màndiŋ ma mànn ma seeni maam xamuloon, ngir teg leen coono, nattu leen, te mujje baaxe leen.
[17] Dingeen wax ci seen xel ne: «Sunu doole ak sunu njàmbaaru bopp moo nu may jii alal.»
[18] Waaye fàttalikuleen ne seen Yàlla Aji Sax ji mooy ki leen may dooley liggéey alal ji, ngir feddali ni mu ko defe tey, kóllëreem ga mu giñaloon seeni maam.

[19] Bu ngeen demee ba fàtte lu jëm ci seen Yàlla Aji Sax ji, di topp yeneen yàlla, di leen jaamooka sujjóotal, seedeel naa leen bés niki tey, ne su boobaa déy, dingeen sànku cànkute gu mat sëkk.
[20] Ni xeet yi Aji Sax ji nara sànk fi seen kanam, noonu ngeen di sànkoo ndax ñàkka déggal seen Yàlla Aji Sax ji.

# 9

### *Israayil gënul ci xeet yi*

[1] Israayil dégluleen! Yeena ngii tey, di jàll dexu Yurdan ngir dàqi xeet yu leen ëpp, ëpp leen doole, ngir nangu seen dëkk yu réy, dàbbalikoo tata yu àkki asamaan.
[2] Askan wu am kàttan, yegg ca kaw, soqikoo ci Anageen ñi ngeen xam, te dégg ñuy wax ci ñoom, naan: «Ku mana të Anageen ñi?»
[3] Waaye xamleen bés niki tey ne seen Yàlla Aji Sax ji mooy kiy jàll jiite leen, di sawara wuy xoyome. Moo leen di bóom, moo leen di noot, ngeen dàq leen, sànk leen ci lu gaaw, ni leen ko Aji Sax ji waxe woon.
[4] Gannaaw bu leen seen Yàlla Aji Sax ji dàqalee ñooñu nag, buleen wax ci seen xel ne: «Sama njub a tax Aji Sax ji indi ma, ngir ma moom réew mii.» Mbonug xeet yii kay moo waral Aji Sax ji dàq leen fi seen kanam.
[5] Du seenug am dëgg, walla ag njub gu leen may ngeen nanguji seenum réew. Waaye mbonug xeet yii moo waral seen Yàlla Aji Sax ji dàq leen fi seen kanam, ngir sottal kàddu ga mu giñaloon seeni maam Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba.
[6] Kon na leen bir ne du seenug am dëgg moos la leen seen Yàlla Aji Sax ji joxe mii réew mu baax, ngir ngeen moom ko, ndax askan wu daŋŋiiral ngeen.

### *Israayil jaamu na sëlluw wurus*

[7] Fàttalikuleen! Buleen fàtte na ngeen merloo woon seen Yàlla Aji Sax ji ca màndiŋ ma. La dale bés ba ngeen bàyyikoo réewum Misra, ba ba ngeen agsee béreb bii, fippu ci kaw Aji Sax ji ngeen masa nekke.
[8] Ca tundu Xoreb ngeen merloo Aji Sax ji, Aji Sax ji mere leen, ba nar leena sànk.
[9] Ba ma yéegee ca tund wa, di jëli àlluway doj ya, àlluway kóllëre gi Aji Sax ji fas ak yeen; toog naa ca kaw tund wa ñeent fukki bëccëg ak ñeent fukki guddi. Du ñam wu ma lekk, du ndox mu ma naan.
[10] Aji Sax ji jox ma ñaari àlluway doj yu loxol Yàlla bind mboolem kàddu ya leen Aji Sax ji waxoon ca kaw tund wa, ba mu àddoo fa digg sawara wa, keroog bésub ndaje ma.

11 Ba ñeent fukki guddi ak ñeent fukki
bëccëg matee, Aji Sax ji jox ma ñaari
àlluway doj ya, àlluway kóllëre ga.
12 Aji Sax ji ne ma: «Jógal wàcce fii gaaw,
ndax sa bokk ya nga génnee Misra def
nañu yàqute. Teggi nañu xaat yoon wa ma
leen santoon. Móolal nañu seen bopp
jëmmu tuur.»
13 Aji Sax ji waxati ma, ne ma: «Gis naa
ne mbooloo mii kat, ñu dëgër bopp lañu.
14 Bàyyi ma rekk ma sànk leen, ba far
seen tur fu asamaan tiim, te def la ngay
xeet wu ëpp wii, ëpp ko doole.»
15 Ba loolu amee ma walbatiku, wàcce ca
tund wa, maak ñaari àlluway kóllëre ga ca
sama ñaari loxo, tund wépp di tàkk.
16 Ma gis ne ndeke moy ngeen seen Yàlla
Aji Sax ji, daldi sàkkal seen bopp wëllu wu
ñu móol, dëddu xaat yoon wa leen Aji Sax ji
santoon.
17 Ci kaw loolu ma ne cas ñaari àlluwa ya
ca sama ñaari loxo, sànni, rajaxe ko, ngeen
di gis.

### *Musaa tinul na bànni Israayil*

18 Ba loolu amee ma daanu tëdd fa
kanam Aji Sax ji, na woon, diiru ñeent
fukki bëccëg ak ñeent fukki guddi. Du ñam
wu ma lekk, du ndox mu ma naan ndax
seen gépp moy gu ngeen moy, di def lu Aji
Sax ji ñaawlu, ba merloo ko.
19 Booba am naa tiitaange ci merum Aji
Sax ji, ak sànjam mi mu nara sànju ci seen
kaw, ngir sànk leen. Teewul Aji Sax ji
nangul ma boobu yoon itam.
20 Aaróona nag, Aji Sax ji mere ko lool,
nar koo sànk. Ma daldi ñaanalaale Aaróona.
21 Seen bàkkaarukaay boobu ngeen
sàkkoon nag, jëmmu wëllu wa, ma jël ko,
lakk ko, tojat, wol ko ba mu mokk, ba
doon pënd. Ma daldi sotti pënd ba ca biir
yol ga wale kaw tund wa.
22 Ca Tabera itam, ak ca Maasa, ak ca
Kibbrot Taawa, ngeen merlooti fa Aji Sax
ji.
23 Ak ba leen Aji Sax ji yebalee fa Kades
Barneya, ne leen: «Demleen nanguji réew
ma ma leen jox.» Yeena gàntal seen kàddug
Yàlla Aji Sax ji, gëmuleen ko, déggaluleen
kàddoom.
24 Gàntal Aji Sax ji ngeen nekke naka
jekk, dale ko ca bés ba ma leen xame.
25 Maa daanu tëdd fa kanam Aji Sax ji
diiru ñeent fukki bëccëg yooyu, ak ñeent
fukki guddi ya ma tëdd fa kanamam ndax
la Aji Sax ji noon da leen di sànk.
26 Ma ñaan Aji Sax ji, ne ko: «Éy Boroom
bi Aji Sax ji, bul sànk sa ñoñ ñi nga séddoo,
ñi nga jote sa màggaay, génnee leen Misra ci
sa dooley loxo.
27 Ngalla bàyyil xel sa jaam ña, Ibraayma
ak Isaaxa ak Yanqóoba. Bul xool ci tëwug
mbooloo mii ak seen mbon, ak seenug
moy.
28 Lu ko moy kat waa réew ma nga nu
jële dinañu ne: "Tële leena yóbbu réew ma
mu leen digoon, ak jéppi leen moo tax Aji
Sax ji génne leen, ngir rey leen ca màndiŋ
ma."
29 Ñii de ñooy sa ñoñ ñi nga séddoo, ñi nga
génnee sa doole ju bare, ci sa kàttanu loxo.»

## 10

1 Jant yooyu la ma Aji Sax ji wax ne ma:
«Yattal ñaari àlluway doj yu mel ni yu njëkk
ya, nga yéegsi fi man, ci kaw tund wi. Te
nanga sàkk itam gaalu bant.
2 Dinaa bind ci àlluwa yi, kàddu ya woon
ca àlluwa yu njëkk ya nga toj. Su ko defee
nga yeb àlluwa yi ci gaal gi.»
3 Ma sàkk gaalu bantu séng, daldi yatt
ñaari àlluway doj yu mel ni yu njëkk ya. Ci
kaw loolu ma yéeg ca kaw tund wa, maak
ñaari àlluwa yi ci sama loxo.
4 Aji Sax ji nag bind ca àlluwa ya, la mu
njëkkoona bind, muy fukki santaane ya mu
leen waxoon ca kaw tund wa, ba mu àddoo
fa digg sawara wa, keroog bésub ndaje ma.
Ba loolu amee Aji Sax ji jox ma àlluwa yi.
5 Ma walbatiku, wàcc tund wa, yeb
àlluwa ya ca gaal ga ma sàkk, àlluwa ya des
ca biir, na ma ko Aji Sax ji waxe woon.
6 Gannaaw gi, bànni Israayil bàyyikoo ca
teeni Bene Yaakan, dem ba Mosera. Foofa
la Aaróona faatoo, ñu denc ko fa, doomam
Elasar doon sarxalkat, wuutu ko.
7 Foofa lañu bàyyikoo dem Gutgoda,
bawooti Gutgoda, jàll ba Yotbata, réewum
wali ndox ya.
8 Jant yooyu la Aji Sax ji ber giirug Lewi,
ngir ñuy gàddu gaalu kóllëreg Aji Sax ji, di
taxaw fi kanam Aji Sax ji, di ko liggéeyal, di

taase barke ciw turam, te mooy seen péete
ba tey jii.
9 Looloo waral Leween ñi amuñu wàll ci
céru suuf su ñuy séddoo ak seeni bokk. Aji
Sax ji mooy seenub cér, ni leen ko seen
Yàlla Aji Sax ji waxe woon.
10 Man nag maa am ca kaw tund wa fan
ya ma fa njëkkoona am, muy ñeent fukki
bëccëg, ak ñeent fukki guddi. Aji Sax ji
dellu ma nangul, boobu yoon itam, ba
bëggatu leena sànk.
11 Aji Sax ji ne ma: «Doxal jiite yoonu
mbooloo mi, ñu dem nanguji réew ma ma
giñaloon seeni maam, ne ñoom laa koy
jox.»

### *Musaa ngi woote déggal Aji Sax ji*

12 Léegi nag yeen Israayil, ana lu leen
seen Yàlla Aji Sax ji laaj, lu moy ngeen
ragal seen Yàlla Aji Sax ji, di doxe
mboolemi yoonam, sopp ko, di jaamoo
seen Yàlla Aji Sax ji seen léppi xol ak seen
léppi jëmm,
13 ngir di sàmm santaaney Aji Sax ji ak
dogali yoonam yi ma leen dénk bésub tey
ngir seen njariñal bopp?
14 Seen Yàlla Aji Sax ji déy mooy boroom
asamaan, ak asamaani asamaan, ak suuf
ak mboolem li ci biiram.
15 Terewul seeni maam doŋŋ la Aji Sax ji
taqool, ngir sopp leen, te yeen, ñi askanoo
ci ñoom la tànn ci biir xeetoo xeet, niki
bésub tey jii.
16 Kon nag tojleen seeni xol te bañatee
daŋŋiiral.
17 Ndax kat seen Yàlla Aji Sax ji mooy
Yàllay yàlla yi, te mooy Sangu sang yi.
Mooy Yàlla ju màgg ji, jàmbaare te raglu. Ki
gënalewul, te nanguwul ab neexal.
18 Kiy aar jirim ak jëtun, sopp
doxandéem, ngir leel ko, wodd ko.
19 Kon soppleen doxandéem, ndax ay
doxandéem ngeen woon ca réewum Misra.
20 Seen Yàlla Aji Sax ji moom ngeen di
ragal, te moom ngeen di jaamu. Moom
ngeen di ŋoyu, te aw turam ngeen di giñe.
21 Moo yelloo seeni kañ te mooy seen
Yàlla ji leen defal jaloore yeek kawtéef
yooyu ngeen gisal seen bopp.
22 Juróom ñaar fukki bakkan la seeni
maam doonoon ba ñuy wàccsi Misra. Tey
seen Yàlla Aji Sax ji def leen ngeen day ni
biddiiwi asamaan.

# 11

1 Soppleen seen Yàlla Aji Sax ji, te ngeen
sàmm ndénkaaneem ak dogali yoonam ak
àttey yoonam aki santaaneem, bés bu
nekk.
2 Xamleen bésub tey ne seeni doom taxul
may wax, ndax ñoom xamuñu, gisuñu seen
njàngalem Yàlla Aji Sax ji ak màggaayam ak
dooley loxoom ak kàttanam gu réy
3 aki firndeem ak jalooreem ja mu jëf ca
digg Misra, ci kaw Firawna buuru Misra
ak ci biir réewam mépp,
4 jëfe kook gàngooru Misra, ak seeni fas
ak seen watiiri xare, ba mu leen mëddee ca
géeju Barax ya, fekk ñu ne leen dann. Aji
Sax jee leen sànk ba bésub tey jii,
5 ak la mu leen def ca màndiŋ ma, ba
ngeen agsi béreb bii,
6 ak la mu def Datan ak Abiram, doomi
Elyab Rubeneen ba. Suuf ŋa ŋàpp, wann
leen, ñook seen waa kër ak seeni xayma ak
mboolem luy dund lu leen topp, ci digg
Israayil gépp.
7 Seeni gët déy ngeen teg ci mboolem
jaloore ju màgg jooju Aji Sax ji def.
8 Kon nag sàmmleen mboolem santaane
bi ma leen di dénk tey, ndax ngeen am
doole ba nanguji réew ma ngeen jàll jëm,
ngir nanguji ko,
9 ndax itam ngeen gudd fan ca réew ma
Aji Sax ji giñoona jox seeni maam, ñook
seen askan; réew mu meew maak lem ja
tuuroo.
10 Réew mooma ngeen jëm, di ko nanguji
déy, niroowul ak réewum Misra ga ngeen
jóge, fa ngeen daan jiwe, ba noppi topp
seenum jiwu, di ko suuxate dooley tànk ni
mbeyum dër.
11 Réew mooma ngeen jàll jëm, ngir
nanguji ko, réewum tund aki xur la, te
ndoxum taw lay naan.
12 Réew la mu seen Yàlla Aji Sax ji fonk,
fu mu tollu seen gëti Yàlla Aji Sax jaa ngi
ne ko jàkk, terutel at ba ndeetelam.
13 Su fekkee ne nag sàmm ngeen ba
sàmm sama santaane yi ma leen dénk tey
jii, ngir sopp seen Yàlla Aji Sax ji, di ko
jaamoo seen léppi xol ak seen léppi jëmm,

14 su boobaa Yàlla nee: «Maa leen di may
seen tawub réew, saa yu jotee: lollib réew
ma day taw*, cooroonam taw, ngeen
dajale seenum pepp ak seen biiñ bu bees
ak seen diw gu yees.
15 Su boobaa maay mayem ñax ci
seenub àll ngir seenug jur, yeen it ngeen
di lekk ba regg.»
16 Wattuleen seen bopp nag, bala leen
seen xel a nax, ngeen lajj, di jaamu
yeneen yàlla, di leen sujjóotal,
17 ba sànjum Aji Sax ji tàkkal leen, mu ne
ràpp asamaan, taw taxaw, suuf noppee
meññal, ba ngeen gaawa sànkoo ca réew
mu baax ma leen Aji Sax jiy jox.
18 Defleen sama kàddu yii ci seenum xel
ak ci seen xol. Takkleen ko, muy firnde ci
seen loxo, te na doon am mbandal ci seen
diggantey gët.
19 Nangeen ko jàngal seeni doom, di ko
waxe bu ngeen toogee seen biir néeg, ak
bu ngeen di dox ciw yoon, ak bu ngeen
tëddee, ak bu ngeen jógee.
20 Te itam bindleen ko ci seen kaw jëni
buntu néeg, ak ci seen bunti dëkk,
21 ndax seeni fan ak seen fani doom
baree ca réew ma Aji Sax ji giñaloon seeni
maam, ni kemu fan yi asamaan tiim suuf.
22 Ndegam déy sàmm ngeen ba sàmm
mboolem santaane bii ma leen dénk ngir
di ko jëfe, ba sopp seen Yàlla Aji Sax ji, di
doxe mboolem ay yoonam te ŋoy ci moom,
23 su boobaa Aji Sax jee leen di dàqal
mboolem xeet yooyu, te yeenay nangu
réewi xeet yu leen ëpp, ëpp leen doole.
24 Fépp fu ngeen teg seen tànk, yeena koy
moom. La ko dale ca màndiŋ ma ba ca
Libaŋ, daleeti dexu Efraat ba ca géej ga ca
sowu, lépp seen suuf lay doon.
25 Du kenn kuy taxaw fi seen kanam.
Seen Yàlla Aji Sax ji mooy def na mu leen
ko waxe woon, ba waa déndu réew mu
ngeen teg seen tànk, ñoom ñépp, yeen
lañuy tiit, yeen lañuy ragal.

### *Barke ak alkànde dëgmal na*

26 Maa ngii nag di leen tegal bésub tey
barke ak alkànde.
27 Barkee ngi, ndegam déggal ngeen
seen santaaney Yàlla Aji Sax ji ma leen di
dénk tey.
28 Alkàndee ngi, ndegam déggaluleen
seen santaaney Yàlla Aji Sax ji, xanaa wacc
yoon wi ma leen di dénk bésub tey, ngir
topp yeneen yàlla yu ngeen xamuloon.
29 Bu leen seen Yàlla Aji Sax ji yóbboo ca
réew ma ngeen jëm, ngir nanguji ko,
nangeen tudd barke bi ca kaw tundu
Garisim, te ngeen tudd alkànde ji ca kaw
tundu Ebal.
30 Ñaari tund yooyu, ña nga moos ca
wàllaa dexu Yurdan, ca wàllaa yoonu sowu
ba, ca réewum Kanaaneen ña dëkke joor ga
jàkkaarlook Gilgal, ca weti garabi More yu
mag ya.
31 Léegi nag yeena ngi jàlli dexu Yurdan,
ngir nanguji réew mi leen seen Yàlla Aji
Sax ji jox. Bu ngeen ko nangoo ba dëkk fa
nag,
32 sàmmooleena jëfe mboolem dogal yeek
àttey yoon yi ma teg fi seen kanam, bésub
tey jii.

# 12

## Lu jëm ci sàrti dundin ca réewum dige ba

*(Saar 12—26)*

### *Aji Sax ji mooy tànn bérebam*

1 Dogal yeek àttey yoon yi ngeen di
sàmmoo jëfe seen giiru dund ca suufas
réew ma leen seen Yàllay maam Aji Sax ji
moomale, moo di yii:
2 Tasleen tasar mboolem béreb ya xeet
ya ngeen di dàq, di jaamoo seeni tuur;
muy kaw tund yu mag ya, di kaw tund yu
ndaw ya, di ker garab yu naat ya.
3 Tojleen seeni sarxalukaay, rajaxe seen
tuuri doj; seen xer yi ñuy jaamoo Asera
tuur mi, ngeen lakk; seen jëmmi tuur,
ngeen gor, ba far tukkal turi tuur yi ci
yooyu béreb.
4 Buleen jaamoo noonu seen Yàlla Aji
Sax ji nag.
5 Waaye seetleen béreb bu seen Yàlla Aji
Sax ji di tànni, ci mboolem seeni giir, ngir
teg fa turam, dëël ko fa, te ngeen dem
foofa.

* **11.14** Tawub lolli, lu jaadu la ca réewum Israayil, bokkul ak jamonoy lolli ji topp ci nawet fii.

6 Foofa ngeen di yóbbu seen saraxi
dóomal, ak yeneen sarax, ak seen céri
fukkeel, ak seen saraxi njébbal, ak seen
sarax yu ngeen xas, ak seen saraxi yéene,
ak seen saraxi taawug jur gu gudd ak gu
gàtt.
7 Foofa ngeen di lekke, yeen ak seeni
njaboot fa seen kanam Yàlla Aji Sax ji,
ngeen bége fa seen wépp ñaq wu leen seen
Yàlla Aji Sax ji barkeelal.
8 Buleen jëfe mboolem nii nuy jëfe fii
tey, lu neex waay rekk, def.
9 Ndax kat àggaguleen ba tey ca
dalluwaay ba, fa leen seen Yàlla Aji Sax ji
sédde.
10 Waaye bu ngeen jàllee dexu Yurdan,
ba dëkki ca réew ma leen seen Yàlla Aji Sax
ji sédde, ba mu noppal leen ci mboolem
noon yi leen séq, ngeen dëkke xel mu dal,
11 su boobaa béreb bu seen Yàlla Aji Sax
ji tànn ngir dëël fa turam, foofa ngeen di
yóbbu mboolem lu ma leen sant: seen
saraxi dóomal, ak yeneen sarax, ak seen
céri fukkeel, ak seen saraxi njébbal, ak
mboolem ngëneel yu ngeen di def saraxi
xas yu ngeen xasoo ak Aji Sax ji.
12 Su ko defee ngeen bége fi seen kanam
Yàlla Aji Sax ji, yeen ak seen doom yu góor
ak yu jigéen, ak seen jaam yu góor ak yu
jigéen, ak Leween ñi ci seen biiri dëkk te
amuñu wàll, amuñu céru suuf ci seen biir.
13 Wattuleen seen bopp bala ngeena
joxe seen saraxi dóomal fépp fu ngeen gis,
14 ndax béreb bu Aji Sax ji tànn ci genn ci
seen giir yi, foofa ngeen di joxe seen
saraxi dóomal, te foofa ngeen di def lépp lu
ma leen sant.
15 Teewul saa yu leen soobee, sañ
ngeena rendi, lekk ci lépp lu leen seen
Yàlla Aji Sax ji barkeele, ak fépp fu ngeen
dëkk. Ku sobewu ak ku set yépp sañ na caa
lekk, mel ni bu doon kéwél mbaa kooba.
16 Waaye deret ja, buleen ko lekk. Ci
suuf ngeen koy tuur nim ndox.
17 Seen céru fukkeelu pepp nag, ak bu
biiñ bu bees, ak bu diw gu bees, ak seen
taawug jur gu gudd ak gu gàtt, ak seen
mboolem saraxi xas yu ngeen xasoo
woon, ak seen saraxi yéene, ak saraxi
njébbal yu ngeen génne ci seenu ñaq,
sañuleen cee lekk lenn ci seen biiri dëkk,
18 ndare ngeen lekke ko fa seen kanam
Yàlla Aji Sax ji. Lekkeleen ko fa seen Yàlla
Aji Sax ji di tànni, yeen ak seen doom yu
góor ak yu jigéen, ak seen jaam yu góor ak
yu jigéen, ak Leween ñi ci seen biir dëkk.
Su ko defee ngeen bége seen wépp ñaq, fi
seen kanam Yàlla Aji Sax ji.
19 Wattuleen seen bopp nag, ngir baña
sàggane Leween ñi, seen giiru dund ca
seen suuf.
20 Bu seen Yàlla Aji Sax ji yokkee seen
suuf noonee mu leen ko waxe woon, te
ngeen namma lekk yàpp, saa yu leen
neexee sañ ngeena lekk yàpp.
21 Bu fekkee ne fi seen Yàlla Aji Sax ji
tànne dëël turam dafa soreek yeen, man
ngeena rendi ci seen jur gu gudd mbaa gu
gàtt ga leen Aji Sax ji jox, na ma leen ko
waxe woon. Sañ ngeen caa lekke seen biir
dëkk lu leen neex.
22 Ni ñuy lekke yàppu kéwél mbaa kooba
rekk ngeen koy lekke. Ku sobewu ak ku
set yépp sañ na caa lekk.
23 Moyuleen bu baax rekk ba baña lekk
deret ji, ndax deret ca la bakkan tegu, te
waruleen boole lekk bakkanu jur gi aku
yàppam.
24 Buleen lekk deret ji. Ci suuf ngeen koy
tuur nim ndox.
25 Buleen ko lekk mukk, su boobaa
dingeen baaxle, yeen ak seen doom yi
leen di wuutu; ngir su boobaa yeena ngi
jëfe li Aji Sax ji rafetlu.
26 Waaye seen yëf yu ñu sellal, ak seen
sarax yi ngeen xasoo, jëlleen ko, yóbbu ca
béreb ba Aji Sax ji di tànni.
27 Te nangeen sarxe seen saraxi
rendi-dóomal, yàpp wi ak deret ji, ci seen
kaw sarxalukaayu Yàlla Aji Sax ji. Seen
deretu yeneen sarax, tuurleen ko ca seen
kaw sarxalukaayu Yàlla Aji Sax ji, yàpp wi
ngeen lekk ko.
28 Sàmmooleena déggal mboolem kàddu
yii ma leen di dénk, ngir ngeen baaxle ba
fàww, yeen ak seen doom yi leen di wuutu,
ndax kon yeena ngi jëfe lu baax li seen
Yàlla Aji Sax ji rafetlu.
29 Bu leen seen Yàlla Aji Sax ji sànkalee
xeet yi ngeen jëm, ngir dàq leen, gannaaw
bu ngeen leen dàqee ba dëkke seenum
réew,

30 nangeen wattu seen bopp, ba
gannaaw bu xeet yooyu sànkoo ci seen
kanam, dungeen tàbbi cig fiir, di leen roy,
naan: «Ana nu xeet yii di jaamoo seeni
tuur, ngir nun it nu def ni ñoom?»
31 Buleen defe noonu ak seen Yàlla Aji
Sax ji, ndax mboolem lu seexluwu lu Aji
Sax ji bañ, defal nañu ko seeni tuur. Seen
doom yu góor ak yu jigéen sax, lakk nañu
leen, defal leen seeni tuur sarax.

# 13

## *Dee mooy àtteb kuy xiirtale ci bokkaale*

1 Mboolem kàddu gi ma leen dénk nag,
sàmmooleen koo jëfe. Buleen ci yokk lenn,
buleen ci wàññi lenn.
2 Gannaaw loolu su ab yonent feeñee ci
seen biir, mbaa boroom gént, bu leen
digee firnde mbaa kiraama,
3 ba firnde la mbaa kiraama ga mu leen
waxoon dikk, su leen nee: «Nanu topp
yeneen yàlla, jaamu leen,» yàlla yu ngeen
xamul,
4 buleen déglu waxu yonent boobu,
mbaa boroom gént boobu, ndax seen Yàlla
Aji Sax ji moo leen di nattu ngir xam ndax
yeena ngi koy soppe seen léppi xol ak seen
léppi jëmm.
5 Seen Yàlla Aji Sax ji moom ngeen di
topp, moom ngeen di ragal. Ay
santaaneem ngeen di sàmm, baatam
ngeen di déglu, moom ngeen di jaamu, te
ci moom ngeen wara ŋoy.
6 Yonent boobu nag mbaa boroom gént
boobu, dee mooy àtteem, ndax moo woote
ag fippu ci seen kaw Yàlla Aji Sax ji leen
jële ca réewum Misra, jote leen kërug njaam
ga. Mu nar leena féle ci yoon wi leen seen
Yàlla Aji Sax ji sant ngeen doxe ko. Noonu
ngeen di tenqee lu bon ci seen biir.
7 Seen mbokk mu ngeen bokkal jenn
ndey, mbaa seen doom ju góor, mbaa ju
jigéen, mbaa seen jabar ju ngeen xejjoo,
mbaa seen xaritu benn bakkan, su leen
dee xiirtal, naan leen ci kumpa: «Nanu
jaamuji yeneen yàlla,» yàlla yu ngeen
xamul, du yeen du seeni maam,
8 ci yàllay xeet yi leen séq, ñi leen jege, ak
ñi leen sore, ci àddina sépp, cat ba cat,
9 su boobaa buleen ko nangul, buleen ko
déglu, buleen ko xool bëti yërmande,
buleen ko baal, buleen ko nëbbal.
10 Reyleen ko rekk. Yeen ñi mu doon
jéema yóbbaale, na ko seen loxo njëkka dal,
ngir rey ko, bala cee loxol mbooloo mépp
topp.
11 Dóorleen koy doj ba mu dee, ndax moo
leen doon fexee soreleek seen Yàlla Aji Sax
ji leen jële réewum Misra, kërug njaam ga.
12 Israayil gépp a koy dégg, daldi ragal ba
deesatul def mbon gu ni mel ci seen biir.
13 Bu ngeen déggee, ci benn dëkk, ci dëkk
yi leen seen Yàlla Aji Sax ji jox, ngir ngeen
dëkke, ñu ne
14 ay nit ñu tekkiwul dara, te bokk ci
yeen, ñoo jóg di waññi seen waa dëkk,
naan leen: «Nanu jaamuji yeneen yàlla,»
yàlla yu ngeen xamul,
15 su boobaa nangeen gëstu, seet te
laajte bu baax, ba dëgg gu wér feeñe ca
mbir ma, ne defees na moomu mbir mu
jomblu ci seen biir,
16 ngeen daldi jam rekk waa dëkk
boobu, leel leen ñawkay saamar, faagaagal
dëkk ba ak mboolem la ca biiram, jur ga it,
ngeen leel leen ñawkay saamar.
17 Mboolem alalu lël ju jóge ca dëkk ba,
dajaleleen ko ca digg pénc ma, te ngeen
lakk dëkk ba, booleek lël ba, def ko dóomal
bu mat sëkk, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji. Day
doon ab gent ba fàww, deesu ko tabaxaat.
18 Bu dara des ci seen loxo, lu bokk ci
alal jooju ñu wara aaye. Su ko defee Aji
Sax ji dëddu sànjam mu tàng, yërëm leen,
ñeewante leen, yokk leen na mu ko giñale
woon seeni maam,
19 ndegam yeena ngi dégg seen kàddug
Yàlla Aji Sax ji, ngir sàmm mboolem
santaaneem yi ma leen di dénk bésub tey,
ngir di jëfe li seen Yàlla Aji Sax ji rafetlu.

# 14

## *Yoon wi sàrtal na jëfin yu set*

1 Ay doom ngeen, ñeel seen Yàlla Aji Sax
ji. Buleen ñaasu, buleen wat seen kawaru
bopp fi féeteek jë bi, ngir di ko mititloo ku
dee,
2 ndax askan wu sell ngeen, ñeel seen
Yàlla Aji Sax ji. Yeen la Aji Sax ji tànn, ngir

ngeen doon askan wi mu séddool boppam, ci mboolem askani kaw suuf.
3 Buleen lekk lenn lu seexluwu.
4 Lii moo di mala yi ngeen di lekk seen yàpp: nag ak xar ak bëy;
5 ak kooba ak kéwél, ak lu xeetook kooba, ak lu xeetook kéwél, ak bëyu àll, ak bëyu kaw tund.
6 Mboolem mala mu ci we wi xar, séddalikoo ñaar, te muy duññi, moom ngeen di lekk aw yàppam.
7 Waaye yii, buleen lekk seen yàpp: lu ciy duññi doŋŋ, te we wi xarul, mbaa lu we wi xar, te duññiwul. Lu mel ni giléem ak njomboor ak daman[*], ndax dañuy duññi waaye seen we xarul. Yooyu daganul ci yeen.
8 Mbaam-xuux, moom, we wi xar na waaye du duññi. Kon daganul ci yeen. Aw yàppam, buleen ko lekk, te méddam, buleen ko laal.
9 Lii nag, sañ ngeen koo lekk, ci mboolem lu dëkke ndox: mboolem lu ci am ciiriir aki waasintóor, sañ ngeen koo lekk.
10 Waaye lu ci amul ciiriir aki waasintóor, buleen ko lekk, ndax daganul ci yeen.
11 Mboolem njanaaw lu set, sañ ngeen koo lekk.
12 Waaye lii ngeen dul lekk ci njanaaw yi: jaxaay ak tan, ba ca mu ñuul ma,
13 ak céeli bu xonq, ak céeli bu ñuul, ak maf, ak lu mu xeetool,
14 ak lépp luy baaxoñ ak lu mu xeetool,
15-18 ak bànjóoli ak looy ak lu mu xeetool, ak kirigéej, ak mboolem xeeti liccin, ak yébb, ak lu xeetook xodd, ak musejubru ak njugub.
19 Mboolem gunóor guy naaw, daganul ci yeen. Deesu ci lekk lenn,
20 xanaa boroomi laaf yi ci set[†]. Yooyu, sañ ngeen koo lekk.
21 Buleen lekk lenn lu médd. Jàmbur bu dal ak yeen, sañ ngeen koo jox lu médd, mu lekk, mbaa ngeen jaay ko ab doxandéem. Waaye yeen askan wu sell ngeen, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji.
Te buleen togg ab tef ci meewum yaayam.

### *Lu jëm ci céri fukkeel*

22 Fexeleen bay génne benn céru fukkeel ci mboolem lu seeni tool meññ at mu nekk.
23 Seen cérub fukkeelu pepp, ak biiñ bu bees, ak diw gu bees, ak lu seen jur taawloo, muy nag, di gàtt, nangeen ko xéewloo fi seen kanam Yàlla Aji Sax ji, fi béreb bi mu tànn ngir dëël turam ëllëg. Su ko defee ngeen tàggatu ci ragal seen Yàlla Aji Sax ji fu ngeen tollu.
24 Su ngeen manula dox yoon wi, ndax seen Yàlla Aji Sax jee leen barkeele meññeef mu bare mu ngeen dul àttan, ci diggante bu sorewaatoo lool ak béreb bi seen Yàlla Aji Sax ji taamoo dëël turam,
25 su boobaa dangeen di wecci cérub fukkeel ba xaalis, jël xaalis ba te dem ba fa seen Yàlla Aji Sax ji tànn.
26 Su ko defee ngeen weccikoo fa xaalis bi lu leen neex, muy nag mbaa gàtt, mbaa biiñ, mbaa geneen naanu sàngara, ak lu leen seen bakkan xiir, ngeen xéewloo fa seen kanam Yàlla Aji Sax ji, bànneexoo ko, yeen ak seen njaboot.
27 Leween gi dëkk ci seen biir nag, buleen leen fàtte, ndax amuñu wàll ci seen céru suuf.
28 Ñetti at yu mat yu nekk, nangeen génne mboolem seen céri fukkeeli meññeef ca at mooma, te ngeen denc ko ca seen biir dëkk,
29 ndax Leween ñi amul wàll ci seen céru suuf, dikk, ñook doxandéem yi ak jirim yi ak jëtun yi ngeen dëkkal, ngir ñu lekk ba regg. Su ko defee seen Yàlla Aji Sax ji barkeel mboolem seenu ñaq.

## 15

### *Lu jëm ci njéggalug bor*

1 Juróom ñaari at yu mat yu nekk, nangeen amal njéggalug bor.
2 Mbirum njéggaleg bor gi, nii lay deme: Mboolem ku lebaloon dëkkandoom, bumu ko ca feyeekooti. Na jéggale la mu lebaloon dëkkandoom, mbokkum bànni Israayilam, gannaaw bu ñu biralee njéggaleg bor, ñeel Aji Sax ji.

[*] **14.7 *daman*** rabu àll la bu xawa nirook njomboor. [†] **14.20** Seetal ci *Sarxalkat yi* 11.21-22.

3 Jàmbur bi bokkul ci bànni Israayil, sañ
ngeen koo feyeeku, waaye la leen seen
mbokkum bànni Israayil ameel, jéggaleleen
ko.
4 Waaye ab ndóol du am ci seen biir,
ndax seen Yàlla Aji Sax ji moo leen di
barkeel bu baax ca réew ma mu leen di
jox, muy seen cér, ngeen jagoo,
5 ndegam déggal ngeen bu baax seen
Yàlla Aji Sax ji, di sàmmoo jëfe mboolem
santaane bii ma leen di dénk tey.
6 Bu leen seen Yàlla Aji Sax ji barkeelee
ni mu ko waxe déy, yeenay lebal xeet yu
bare, waaye yeen dungeen leb. Te it
yeenay yilif xeet yu bare, waaye yeen,
deesu leen yilif.
7 Su amee ci seen biir ab ndóol, di kenn
ci seen bokki bànni Israayil, ci benn ci
seen dëkki réew mi leen seen Yàlla Aji Sax ji
di jox, buleen dëgër xol, di tëjal seen loxo
seen mbokkum ndóol moomu.
8 Nàddilleen koo nàddil, abal koo abal
dayob soxlaam.
9 Wattuleen seen bopp, bala leena jikko
ju sew yóbbe, ngeen naan ci seen xel:
«Atum juróom ñaareel mi, atum njéggalug
bor dëgmal na,» ba tax ngeen néeg ci seen
mbokkum ndóol, joxuleen ko dara. Da
leen di booleek Aji Sax ji, ngeen gàddu
bàkkaar.
10 Nangeen ko jox a jox te bu ngeen koy
jox it, bu ci seen xol bon, ndax loolu mooy
tax seen Yàlla Aji Sax ji barkeel mboolem
seen liggéey ak mboolem seenu ñaq.
11 Du ñàkk nag ab ndóol ci réew mi. Moo
tax ma sant leen ne leen ngeen nàddil a
nàddil seen mbokkum ndóol, ak seen
néew-ji-doole ji ci seenum réew.

## *Sang, am na lu ko war ci jaamam*

12 Su fekkee ne seen mbokkum bànni
Israayil, góor mbaa jigéen da leena jaay
boppam*, bu leen liggéeyalee juróom
benni at, atum juróom ñaareel ma,
yiwileen ko, mu moom boppam.
13 Te bu ngeen ko yiwee, mu moom
boppam it, buleen ko yiwee loxoy neen.
14 Sàkkalleen koo sàkkal ci seeni gàtt ak
seenum pepp ak seen biiñ. Kemu alal ja
leen seen Yàlla Aji Sax ji barkeele, moom
ngeen koy jox.
15 Fàttalikuleen ne ay jaam ngeen woon
ca réewum Misra, seen Yàlla Aji Sax ji moo
leen jot. Moo tax ma sant leen lii tey.
16 Ndegam nag seen jaam a leen ne:
«Duma dem, bàyyi leen,» ndax cofeel gu
mu am ci yeen ak seen waa kër, te
bànneexam di nekk ak yeen,
17 su boobaa fableen puso, ngeen sësale
noppu jaam bi ci lafu bunt bi, te ngeen
bënne puso bi noppam, ba mu jam ci lafu
bunt bi, mu daldi doon seen jaam giiru
dundam. Seen jaam bu jigéen it, noonu
ngeen di def ak moom.
18 Buleen mititlu lu ngeen yiwi seenub
jaam, mu moom boppam, ndax jariñ na
leen lu fey ñaari yoon surga buy feyeeku,
ci juróom benni at yi mu leen liggéeyal. Te
seen Yàlla Aji Sax ji dina leen barkeel ci
mboolem lu ngeen def.

## *Li war ci taawug jur*

19 Mboolem luy taaw ci seen jur gu gudd
ak gu gàtt, te di góor, defal leen ko seen
Yàlla Aji Sax ji cér bu sell. Buleen liggéeyloo
mukk seen yëkk wu dib taaw, te buleen
wat seen gàtt bu dib taaw.
20 Xanaa ngeen di ko xéewloo at mu jot fi
seen kanam Yàlla Aji Sax ji, yeen ak seen
njaboot, fi béreb bi Aji Sax ji tànn.
21 Jur gu ci am sikk nag, muy soox, mbaa
mu gumba, mbaa mu am sikk su réy su
mu mana doon, buleen ko sarxalal seen
Yàlla Aji Sax ji.
22 Ci seen biir dëkk ngeen ko wara
xéewloo, te ku sobewu ak ku set yépp man
na caa lekk, mel ni bu doon kéwél mbaa
kooba.
23 Waaye deretam, buleen ko lekk. Ci
suuf ngeen koy sotti nim ndox.

# 16

## *Ñetti yoon lees di màggalsi ci béreb bi Yàlla tànn*

1 Wormaalleen weeru Abiib, te ngeen
amal ci màggalu bésub Mucc ba, ñeel seen
Yàlla Aji Sax ji, ndax ci weeru Abiib la leen
seen Yàlla Aji Sax ji génnee Misra, ag guddi.

* **15.12** Mbaa: *su fekkee ne dees leena jaay seen mbokkum bànni Israayil,*

2 Nangeen ci sarxalal seen Yàlla Aji Sax
ji, ab gàtt mbaa aw nag, ci béreb bi Aji Sax
ji tànn ngir dëël turam ëllëg.
3 Buleen ko lekkaaleek lenn lu am
lawiir. Daleleen caa lekk, ba diiru juróom
ñaari fan, mburu mu amul lawiir,
mburum njàqare, ndax ci biir gaawtu
ngeen génne woon réewum Misra. Su ko
defee ngeen baaxantal seen giiru dund
bés ba ngeen génne réewum Misra.
4 Bu leen kenn gisal lawiir ci seen tund
wépp, diiru juróom ñaari fan, te bu lenn
fanaan ci yàppu jur gi ngeen sarxal,
diggante ngoonu bés bu njëkk ba, ba ca
suba sa.
5 Juru bésub Mucc bi, dungeen ko mana
rendi fenn ci dëkk yi leen seen Yàlla Aji Sax
ji jox,
6 fu moy béreb ba seen Yàlla Aji Sax ji
tànn ngir dëël turam. Foofa ngeen di rendi
juru bésub Mucc bi ci ngoon bu jant biy so,
yemook waxtu wa ngeen bàyyikoo woon
Misra.
7 Toggleen ko, te lekk ko ca béreb ba seen
Yàlla Aji Sax ji di tànni, ca suba sa ngeen
xëy, dellu ca seeni xayma.
8 Juróom benni fan ngeen di lekk mburu
mu amul lawiir, bésub juróom ñaareel di
am ndaje, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji. Buleen
ci liggéey dara.
9 Juróom ñaari ayi bés nag, ngeen di
waññ, te ci ndoortel ngóob ngeen di
tàmbalee waññ juróom ñaari ayi bés yi,
10 ngeen doora amal màggalug Ayi bés,
ñeel seen Yàlla Aji Sax ji, te saraxu yéene ba
ngeen cay joxe di kemu koom ga leen seen
Yàlla barkeele.
11 Ngeen daldi bànneexu fa seen kanam
Yàlla Aji Sax ji, yeen ak seeni doom, góor
ak jigéen, ak seeni jaam, góor ak jigéen, ak
Leween ñi ci seen dëkk, ak doxandéem
yeek jirim yeek jëtun ñi ci seen biir, ci
béreb bi seen Yàlla Aji Sax ji tànn ngir dëël
turam ëllëg.
12 Fàttalikuleen ne ay jaam ngeen woon
ca Misra te ngeen sàmmoo jëfe dogali yoon
yii.
13 Màggalu Mbaar yi it nangeen ko
wormaal diiru juróom ñaari fan, gannaaw
bu ngeen dajalee seenum pepp ak seen
ndoxum reseñ.
14 Ngeen daldi bànneexoo seenug màggal,
yeen ak seeni doom, góor ak jigéen, ak
seeni jaam, góor ak jigéen, ak Leween ñeek
doxandéem yeek jirim yeek jëtun ñi ci seen
biir dëkk.
15 Juróom ñaari fan ngeen koy màggal
ñeel seen Yàlla Aji Sax ji ca béreb ba Aji Sax
ji di tànni, ndax seen Yàlla Aji Sax ji moo
leen di barkeelal seen meññat mépp, ak
seen mboolem ñaq, seen mbégte mat sëkk.
16 Kon ñetti yoon cim at la seen góor
ñépp di teew fi seen kanam Yàlla Aji Sax ji,
ca béreb ba muy tànni: fani màggalu Mburu
mu amul lawiir, ak fani màggalug Ayi bés,
ak fani màggalu Mbaar yi. Waaye deesul
teewe loxoy neen fi kanam Aji Sax ji.
17 Ku nekk, na sarax ba muy indi, di
kemu barke ba ko Yàlla jagleel.

*Yoon wi sàrtal na mbirum àtte*

18 Te itam ay àttekat aki kilifa ngeen di
tabb ngir seeni giir, ci mboolem dëkk yi
leen seen Yàlla Aji Sax jiy jox, ñuy àtte
mbooloo mi àtteb dëgg.
19 Buleen jalgati yoon cib àtte, buleen
jeng te buleen nangu alalu ger, ndax ger
day gumbaal njàccaar, di xañ aji jub dëgg.
20 Dëgg doŋŋ ngeen wara topp, ndax
ngeen dund, jagoo réew mi leen seen Yàlla
Aji Sax ji di jox.
21 Buleen samp benn xeru bant, bu jóge
ci genn garab, ngir di ko jaamoo Asera
tuur mi, ci seen wetu sarxalukaay bi
ngeen sàkk ngir seen Yàlla Aji Sax ji.
22 Te itam buleen yékkati lenn lu bokk ci
tuuri doj yooyu seen Yàlla Aji Sax ji bañ.

## 17

1 Buleen sarxalal seen Yàlla Aji Sax ji, aw
nag mbaa ab gàtt bu am sikk, mbaa jenn
laago, ndax seen Yàlla Aji Sax ji seexlu na
loolu.
2 Bu nit feeñee ci seen biir, ci benn ci
dëkk yi leen seen Yàlla Aji Sax jiy jox, muy
góor mbaa jigéen juy def lu seen Yàlla Aji
Sax ji ñaawlu, di fecci kóllëreem,
3 bay jaamuji yeneen yàlla, di leen
sujjóotal, mbaa muy sujjóotal jant bi, mbaa
weer wi, mbaa mboolem gàngooru
asamaan, te santaanewuma ci lenn,
4 bu ñu leen ko yeggee ba ngeen dégg ko,
seetleen mbir ma bu baax. Su dee dëgg gu

wér, ne defees na lu jomblu loolu ci biir
Israayil,
5 nangeen génne ba ca buntu dëkk ba,
waa ji mbaa ndaw si def jooju jëf ju bon, te
ngeen dóor ay doj, waa jooju mbaa ndaw
si, ba mu dee.
6 Kàddug ñaari seede ba ñett nag, ci lees
di reye ki ñu wara rey, waaye deesu ko rey
ci kàddug benn seede.
7 Loxoy seede yee koy njëkka dóor doj
ngir rey ko, loxoy mbooloo mépp door koo
dóor. Noonu ngeen di tenqee lu bon ci
seen biir.
8 Su leen mbir jafee, ba wees leen ci
àtteb bakkan bu ñu faat, ak ay jote, ak
loraangey yaram yu ñu teg nit, ak
mboolem dëngoo bu laaj àtte ci seen biir
dëkk, dangeen di dem ba ca béreb ba seen
Yàlla Aji Sax ji di tànni,
9 ngeen àgg ca sarxalkat yiy Leween ñi,
ak àttekat ba mbir ma yemool jamono, te
ngeen sàkku ñu biral leen àtteb mbir ma.
10 Nangeen jëfe nag kàddu ga ñu leen ca
wax, ca béreb booba Aji Sax ji tànn, te
ngeen sàmmoo koo jëfe mboolem noonee
ñu leen ko digale.
11 Kàddug ndigal la ñu leen digal, ak àtte
ba ñu leen ci wax, jëfeleen ko. Buleen lajje
fenn kàddu ga ñu leen ca wax; du ndijoor,
du càmmoñ.
12 Képp ku ci daŋŋiiral, baña déggal
sarxalkat ba fa ayee liggéeyal seen Yàlla Aji
Sax ji, baña déggal àttekat ba, kooku dees
koy rey. Noonu ngeen di tenqee lu bon ci
Israayil.
13 Askan wépp a koy dégg, tiit, ba duñu
daŋŋiiralati.

## Ay ndigal ñeel na buur

14 Bu ngeen demee nag ca réew ma leen
seen Yàlla Aji Sax ji di jox, bu ngeen ko
nangoo, dëkke, ba ne: «Nanu fal buur bu nu
jiite ni mboolem xeet yi nu séq,»
15 su boobaa fexeleen ba ka ngeen di fal
buur, di ka seen Yàlla Aji Sax ji tànn. Ci
seen biiri bokk nag ngeen di fal seen buur.
Dungeen mana fal buur ab jàmbur bu dul
seen mbokkum bànni Israayil.
16 Waaye bu buur bi barey fas, te bumu
delloo askan wi Misra, ngir sàkku fas yu
bare, te Aji Sax ji waxoon leen ne buleen
dellooti woowu yoon.
17 Bumu barey jabar, balaa am xelam di
lajj. Xaalis ak wurus it, bumu ko barele
lool.
18 Bu buur bi toogee ci jalub nguuram,
na bindlu ngir moom ci boppam, ab sottib
téereb yoon wii ci téere bu ñu taxañ, ci
dégtalub sarxalkat yiyLeween ñi.
19 Na téere boobu ànd ak moom, mu di ci
jàng giiru dundam, ndax mu tàggatu ci
ragal Yàllaam Aji Sax ji, ngir di sàmm
mboolem kàdduy yoon wii ak dogali yoon
yii, ngir di ko jëfe,
20 ba du xoggaliku ci kawi bokkam, te
du moye santaane bi fenn; du ndijoor, du
càmmoñ, ndax mu gudd fan ci nguuram,
moom ak askanam, ci digg Israayil.

# 18

## Ay yelleef ñeel na Leween ñi ak sarxalkat yi

1 Sarxalkat yiy Leween ñi, ba ci giirug
Leween gépp nag, wenn wàll mbaa céru
suuf ñeelu leen ci seen bokki Israayil.
Saraxi sawara yu Aji Sax ji, akub céram,
moom lañuy dunde.
2 Ab cér du leen ñeel ci seen biiri bokk.
Aji Sax ji mooy seenub cér, na mu leen ko
waxe woon.
3 Lii mooy li lew sarxalkat yi, te bàyyikoo
ci askan wi, ci ñiy rendi ay sarax, muy aw
nag, di ab gàtt: nañu jox sarxalkat bi,
mbagg mi ak lex yi, ak mbàq gi.
4 Te seen pepp mu njëkka ñor, ak seen
biiñ bu bees, ak seen diw gu bees, ak
kawar gi ngeen njëkka wate ca seeni xar,
joxleen ko sarxalkat yi,
5 ndax seen Yàlla Aji Sax ji moo leen
tànn, ci seen mboolemi giir, ngir ñu taxaw,
di liggéey ci turu Aji Sax ji, ñoom ak seen
askan, ba fàww.
6 Ab Leween bu dëkke benn ci seeni
dëkk, ak fu mu mana doon ci Israayil, su fa
jógee dem ci coobarey boppam, béreb ba
Aji Sax ji tànn,
7 da fay liggéey ci turu Yàllaam Aji Sax ji
ni mboolem bokki Leweenam, ña fa
taxawe fa kanam Aji Sax ji,
8 njël lu yemook njëlal ña mu fa fekk it
lew na ko, te limaaleesul lu ko dikke ci
njaayum alalu baayam.

### *Kàddug waxyu day sotti*

9 Bu ngeen demee ca réew ma leen seen
Yàlla Aji Sax ji di jox, buleen roy jëf ju
jomblu ju xeet yooyu.
10 Bu kenn fekk ci seen biir kuy sarxe
doomam ju góor ak ju jigéen, lakk ko; ak
kuy seet walla kuy gisaane, ak kuy xërëm,
11 ak kuy jabar di liggéeyaate ak kuy
jokkoo ak ab rawaan, ak kuy jokkoo ak
rab, mbaa kuy jokkoo ak nit ñu dee,
12 ndax mboolem ñiy def yooyu, Aji Sax
ji seexlu na leen. Jëf ju seexluwu jooju
moo waral seen Yàlla Aji Sax ji di leen
dàqal seeni boroom.

13 Muccleen sikk seen digganteek seen
Yàlla Aji Sax ji,
14 ndax xeet yooyii ngeen di dàqi kat, ay
luxuskat aki seetkat lañuy déggal, waaye
yeen seen Yàlla Aji Sax ji mayu leen loolu.
15 Ab yonent bu soqikoo ci yeen kay, di
seen mbokk ni man, moom la leen seen
Yàlla Aji Sax ji di feeñalal. Moom ngeen di
déggal.
16 Mooy noonee ngeen ko sàkkoo woon
rekk, ci seen Yàlla Aji Sax ji ca tundu
Xoreb, ca bésub ndaje ma, ngeen ne: «Rikk
bunu déggati sunu baatu Yàlla Aji Sax ji.
Sawara wu réy wii it, bunu ko gisati, lu ko
moy nu dee,»
17 te Aji Sax ji ne ma: «Ñoo yey wax
loolu.
18 Ab yonent laa leen di feeñalal ci seen
biiri bokk, ni yaw. Maay yeb samay kàddu
ci gémmiñam, mu àgge leen mboolem lu
ma ko sant.
19 Su boobaa ku déggalul sama kàddu yi
muy wax ci sama tur, man maa ko koy
topp.
20 Waaye déy yonent bu am fitu àddu
genn kàddu ci sama tur, te santuma ko mu
wax ko, mbaa mu wax ci turi yeneen yàlla,
boobu yonent, dee mooy àtteem.»

21 Dingeen wax ci seen xel, ne: «Ana nu
nuy ràññee kàddu gu Aji Sax ji waxul?»
22 La yonent bi wax ci turu Aji Sax ji, su
sottiwul, dikkul rekk, loola du kàddu gu Aji
Sax ji wax. Ñeme Yàlla la ko yonent ba
waxe, buleen ko ragal.

# 19

### *Ber dëkki rawtu ndigal la*

1 Gannaaw bu leen seen Yàlla Aji Sax ji
wollilee xeet yi mu leen di jox seenum
réew, ngeen dàq leen, ba dëkke seeni dëkk
ak seeni kër,
2 ñetti dëkk yu mag ngeen di ber ca biir
réew mooma leen seen Yàlla Aji Sax ji jox,
ngir ngeen jagoo ko.
3 Ngeen waajal nag yoon wu jëm ci dëkk
bu ci nekk, te ngeen séddale ñetti pàcc réew
mooma leen seen Yàlla Aji Sax ji sédd, ngir
képp ku rey nit, man caa làquji.
4 Mbirum ki rey nit te di fa làquji ba
mucc, nii lay tëdde: day fekk mu rey
moroomam te du teyeefam, waaye bañu
ko woon démb ak bërki-démb.
5 Mu mel ni ku ànd ak moroomam ca
gott ba, di gor matt. Mu doon xàcc
sémmiñam di gor, weñ ga fettaxe ca njàppu
la, dal ca moroom ma, mu dee. Kooku day
làquji ci dëkk yooyu benn, ba mucc.
6 Toppkatu bakkan ba nag warul mana
dabi ci biir xolam bu tàng, ki rey, ba rey ko
ngir sorewaayu yoon wa jëm ca dëkkub
rawtu ba, te àtteb yoon reyluwu ko,
gannaaw fekkul woon mu bañ ka mu rey,
démb ak bërki-démb.
7 Looloo waral ma sant leen, ne leen
ñetti dëkki rawtu ngeen di ber.
8 Bu seen Yàlla Aji Sax ji yaatalee seen
suuf, na mu ko giñale woon seeni maam
nag, ba jox leen mboolem réew ma mu
dige woon ne dina ko jox seeni maam,
9 ndegam sàmm ngeen mboolem
santaane bii ma leen dénk tey, ngir di ko
jëfe, ngir sopp seen Yàlla Aji Sax ji, di awe
ay yoonam bés bu nekk, su boobaa
nangeen yokkaat ñetti dëkk yu mag, mu
dolliku ci ñetti dëkk yi ngeen njëkka ber.
10 Su ko defee deesul tuur deretu jàmbur
bu deful dara ci suufas réew mi leen seen
Yàlla Aji Sax ji sédd, ba àqu deret di leen
topp.
11 Su fekkee ne nit ki dafa bañ
moroomam, su ko tëroo, dal ci kawam, ba
bóom ko, mu dee, su làqujee ci dëkk yooyu
benn,
12 su boobaa na magi dëkkam yeble, ñu
jële ko foofa, teg ko ci loxol toppkatu
bakkan ba, ngir mu dee.

[13] Buleen ko xool bëtu yërmande. Noonu
ngeen di dindee ci Israayil, àqu deretu
jàmbur bu deful dara, ndax ngeen baaxle.

*Lu jëm ci kemu suuf ak limu seede cib àtte*

[14] Te it buleen toxal seen yemukaayu
suufas moroom yu maam ya yemalee
woon ci seen biir céru suuf ba ngeen
jagoo, ca réew ma leen seen Yàlla Aji Sax ji
di moomale.
[15] Bennub seede nag du taxaw, di
tuumaal kenn, ci genn tooñ mbaa bàkkaar,
ak bépp bàkkaar bu mu mana bàkkaar. Ci
kaw kàddug ñaari seede mbaa ñett la mbir
ma di wére.
[16] Su ab seedeb safaan taxawee,
tuumaal kenn, ne moo lajj yoon,
[17] na ñaari nit, ña séq mbir ma taxawi fa
kanam Aji Sax ji*, fa kanam sarxalkat ya
ak àttekat ya ca yooyu jant.
[18] Su ko defee àttekat yi seet bu baax, ba
mu wér ne seede ba kat, seedeb soskat la
buy seedeel mbokkam aw sos,
[19] te ngeen def ak moom, la mu naroona
yóbbe ka mu sosal. Noonu ngeen di tenqee
lu bon ci seen biir.
[20] Ñi ci des dinañu ko dégg, te dinañu
ragal ba duñu defati lu bon lu ni mel ci
seen biir.
[21] Buleen ci xool bëtu yërmande. Bakkan,
bakkan a koy fey; bët, bët; bëñ, bëñ; loxo,
loxo; tànk, tànk.

# 20

*Yoon wi sàrtal na mbirum xare*

[1] Bu ngeen demee ngir xarejeek seeni
noon, ba gis ay fas, aki watiir, ak gàngoor
gu leen ëpp, buleen leen ragal, ndax seen
Yàlla Aji Sax jaa ngeek yeen, ki leen jële
woon réewum Misra.
[2] Bu ngeen di waaja xare, na sarxalkat
bi dikk, wax ak mbooloo mi,
[3] ne leen: «Éey Israayil, dégluleen, yeena
ngi waaja xareek seeni noon tey jii.
Buleen yox-yoxi, buleen ragal, buleen tiit,
buleen teqalikook seen sago ci seen
kanam!
[4] Ndaxte seen Yàlla Aji Sax ji mooy kiy
dox ànd ak yeen, xeexal leen ak seeni
noon, ngir may leen ndam.»
[5] Su ko defee kilifay xarekat yi wax ak
gàngoor gi, ne leen: «Ana góor gu ci
tabaxoon néeg bu bees te daloogu ko? Na
daldi dellu cab néegam bala moo dee ci
xare bi, geneen góor daloo ko.
[6] Ana góor gu ci jëmbatoon tóokëru reseñ
te jariñoogu ko? Na daldi ñibbi bala moo
dee ci xare bi, geneen góor jariñoo ko.
[7] Ana ku ci ngoroom dëgëroon te jëlagul?
Na daldi ñibbi bala moo dee ci xare bi,
geneen góor jël ko.»
[8] Gannaaw loolu, na kilifa yi dellu wax
ak gàngoor gi, ne leen: «Ana ku ci ragal, ana
ku ciy yox-yoxi? Na daldi ñibbi kat, bala
moo yoqiloo ay moroomam, ni moom.»
[9] Bu kilifay xare ya waxeek gàngoor gi ba
noppi, nañu tabb ay njiiti kuréel, ñu jiite
gàngoor gi.

[10] Bu ngeen dikkee ba jub ab dëkk, ngir
xareek ñoom, njëkkleen leena woo ci jàmm.
[11] Ndegam jàmm lañu leen wuyoo, ba
ubbil leen, mboolem askan wa mu fekk ca
biir dëkk ba dañuy tegoo liggéeyu
sañul-bañ, ñeel leen, di leen jaamu.
[12] Waaye bu ñu jàmmoowul ak yeen,
xanaa di xareek yeen, gawleen dëkk ba.
[13] Seen Yàlla Aji Sax ji moo leen di teg ci
seen loxo, ngeen daldi leel ñawkay saamar
mboolem seeni góor.
[14] Waaye jigéen ñi ak tuut-tànk yi, ak jur
gi, ak mboolem lu ne ca biir dëkk ba,
mboolem alal ja, sëxëtooleen, jagoo.
Lekkleen alal ji ngeen foqatee ci seen
noon yi leen seen Yàlla Aji Sax ji jébbal.

[15] Noonu ngeen di def ak dëkk yi soreek
yeen lool te bokkuñu ci dëkki xeet yii
ngeen jëm.
[16] Dëkki xeet yii leen seen Yàlla Aji Sax ji
sédd nag, buleen ci bàyyi lenn luy noyyi,
mu dund.
[17] Nangeen faagaagal Etteen ñi ak
Amoreen ñi ak Kanaaneen ñi ak Periseen
ñi ak Eween ñi ak Yebuseen ñi, na leen ko
seen Yàlla Aji Sax ji sante woon,
[18] ndax ñu bañ leena royloo, ngir ngeen
di jëfe seen mboolem yu jomblu yi ñuy
defal seeni tuur, ba ngeen moy seen Yàlla
Aji Sax ji.

* **19.17 *fa kanam Aji Sax ji*** maanaam ca jaamookaay bi.

19 Bu ngeen gawee lu yàgg ab dëkk, ngir
song leen xare, ba nangu ko, buleen gor ay
garabam, di ca daaneel lenn te mana lekk
ca doom ya. Kon nag garab, buleen ko gor.
Garab du nit ba ñu di ko def ni ku ñu gaw.
20 Terewul garab gu ngeen xam ne
deesul lekk doom ya, gorleen ko, daaneel,
te ngeen sàkke ko ab gawukaay bu wër
dëkk biy xareek yeen, ba keroog dëkk bay
daanu.

# 21

## *Njotlaay war na ci bóomkat bu umpe*

1 Su dee dañoo fekk ku ñu bóom ci biir
réew mi leen seen Yàlla Aji Sax ji moomale,
mu tëdd ci àll bi, te xameesul ku ko rey,
2 na seeni mag ak seeni àttekat dem,
natti diggante fa néew ba tëdd ak dëkk ya
ko séq.
3 Su ko defee dëkk ba gëna jegewook
néew ba, magi dëkk booba tànne ca nag wu
jigéen wu ñu masula liggéeyloo, te maseesu
koo ràng.
4 Na magi dëkk boobu wommat nag wi
ba ci xur wu wal ma dul ŋiise, te maseesu
cee bey, maseesu cee ji. Ñu daldi damm
loosu nag wu jigéen wi foofa ca wal ma.
5 Su ko defee sarxalkat yiy Leween ñi
dikk, ndax ñoom la seen Yàlla Aji Sax ji
tànn, ngir ñu di ko liggéeyal, di barkeele
ciw turam, te ci seen kaw kàddu lees di
àttee bépp jote, ak gépp loraange ci wàllu
yaram.
6 Dëkk boobu gëna jegewook fa néew ba
tëdd, na mboolem seeni mag raxas seeni
loxo, tiimale ca nag wu jigéen wa ñu
damm loos wa, ca wal ma.
7 Ñu biral ne: «Nun déy sunuy loxo
tuurul deretu nit kii, te sunuy gët it gisul
ba ñu koy tuur.
8 Ngalla Aji Sax ji, jéggalal Israayil, sa ñoñ
ñi nga jot, te baña toppe àqu deretu jàmbur
bu deful dara, fi digg Israayil sa ñoñ.» Su
ko defee njéggal ñeel leen, ca deretu nit ka.
9 Yeen nag, noonu ngeen di tenqee ci
seen biir, àqu deretu jàmbur ju ñu tuur,
ndax kon def ngeen li Aji Sax ji rafetlu.

## *Ay sàrt a ngi ci wàllu njaboot*

10 Bu ngeen xarejeek seeni noon, te seen
Yàlla Aji Sax ji teg leen ci seeni loxo, ba
ngeen jàpp leen njaam,
11 su ngeen gisee ca jaam yu jigéen ya, ku
rafet ku ngeen xédd, te bëgg koo jël jabar,
12 yóbbuleen ko seen biir néeg, mu watu
nel, dagg ay wewam,
13 summi yére ya ñu ko jàppe njaam, te
toog seen biir néeg. Day tiislu nag ndeyam
ak baayam lu mat weeru lëmm. Gannaaw
loolu sañ ngeen ko dëkkoo, di jëkkëram,
muy seen jabar.
14 Bu loolu amee ba neexatu leen,
bàyyileen ko, mu dem fu ko neex, waaye
buleen ko jaay mukk, di ko weccikoo
xaalis. Buleen ko def jaam it, gannaaw bu
ngeen ko jabaroo ba noppi.
15 Ku am ñaari jabar, su xejjoo kenn ki,
foñ ki ci des, te ki mu xejjoo ak ki mu foñ
jural koy doom yu góor, te taaw bu góor bi
di doomu ki mu foñ,
16 bés buy séddale doomam yu góor
alalam, du saña jox doomu xejj bi, cér bi
taaw yelloo, wacc doomu ka mu foñ, te
muy taaw.
17 Taaw bay doomu ka mu foñ, na ko
nangul ab céram, jox ko ñaar-cay céru rakk
ja, ci mboolem alalam, ndax kooka
soqikoo ci digg dooleem, mooy ka yelloo
céru taaw.
18 Ku am doom ju góor ju dëgër bopp te
të; déggalul baay, déggalul ndey, su ñu ko
yaree, te taxul mu déggal leen,
19 na ko baayam ak ndeyam jàpp, yóbbu
ba ca seen magi dëkk ba, ca seen buntu
dëkk.
20 Ñu wax seen magi dëkk ba, ne leen:
«Sunu doom jii ku dëgër bopp la te të.
Déggalu nu, xanaa di xawaareeka màndi
rekk.»
21 Na ko góori dëkk bépp dóori doj ba mu
dee. Noonu ngeen di tenqee lu bon ci seen
biir. Israayil gépp a koy dégg, daldi ragal.

## *Deesul wékk nit, fanaanal ko*

22 Su nit moyee ba dee di àtteem, ñu rey
ko, wékk ko ci garab,
23 bu néewam fanaan ca garab ga, nañu
ko daldi rob ca bés ba, ndax ki wékke,
alkàndey Yàlla la. Buleen sobeel réew mi
leen seen Yàlla Aji Sax sédd.

# 22

## *Yoon wi sàrtal na dundin wu jekk*

1 Buleen gis seen nagu mbokk mbaa
gàttam bu réer, ba jàpp ci seen njàmbur.
Fexeleen koo waññi, ba delloo ko seen
mbokk ma.
2 Su mbokk mi jegewoowul ak yeen,
mbaa xamuleen ko, yóbbuleen jur gi seen
kër, mu des fa, ba mbokk mi dikk, di ko
seet, ngeen delloo ko ko.
3 Noonu ngeen di def, su dee mbaam,
noonu ngeen di def su dee mbubb, noonu
it ngeen di def, ak mboolem lu seen
mbokk réerle, ba ngeen gis ko. Dungeen ci
mana jàpp seen njàmbur.
4 Buleen gis seen mbaamu mbokk,
mbaa nagam wu daanu ciw yoon, ba
ngeen jàpp ci seen njàmbur. Fexeleen ba
yékkatile ko ko.
5 Bu lenn ci mboolem yëfi góor, tegu ci
kaw ku jigéen, te bu góor sol yérey jigéen,
ndax Aji Sax ji seen Yàlla seexlu na képp
kuy def yooyu.
6 Bu ngeen doxee ba yem ci tàggum picc
ci seenu yoon, mu nekk ci garab gu mu
mana doon, mbaa ci suuf, cuuj ya mbaa
nen ya nekk ca, te yaay ja bóof ca kaw cuuj
ya, mbaa nen ya, buleen boole jël yaay ja
ak cuuj ya.
7 Fexeleen ba bàyyi yaay ja, te jël cuuj ya,
ndax ngeen baaxle te gudd fan.
8 Su ngeen dee tabax kër gu bees,
sàkkalleen seen kawum taax ab feguwaay,
bala caa nit a daanoo, àqu deret topp seen
kër.
9 Buleen ji ci seen tóokëru reseñ, weneen
wirgo, lu ko moy lépp ay doon céru cellte
bu ngeen dul saña jariñoo: li jóge ci jiwu mi
rax reseñ ji, ak itam meññeefum reseñ ji.
10 Buleen ràngandoo nag ak mbaam, di
leen rijjiloo.
11 Buleen sol ndimol njaxas lu ñu raxe
kawaru gàtt ak wëñu lẽe.
12 Ay cimbir-cimbir nag ngeen di def ci
ñeenti weti malaanum sàngukaay mu
ngeen di sàngoo.

## *Sàmmonteleen ak àqu jigéen*

13 Ku jël jabar, tëdd ak moom, ba noppi
jéppi ko,
14 di ko tuumaal, di teg lu ñaaw ci deram,
naan: «Ndaw sii ma jël, ba ma àggee ci
moom, fekkuma ko janq,»
15 su boobaa na baayu ndaw si ak
ndeyam, jël firndey ndaw la, yóbbu ko ba
ca kanam magi dëkk ba, ca buntu dëkk ba.
16 Su ko defee baayu ndaw si ne mag ñi:
«Sama doom laa mayoon waa jii jabar; mu
walbatiku jéppi ko.
17 Mu ngii di ko tuumaal, naan:
“Fekkuma sa doom ji janq.” Te sama
ndawal doom a ngii!» Nañu tàllal malaan
ma ca kanam magi dëkk ba.
18 Su loolu amee, na magi dëkk booba
jàpp waa ji, yar ko.
19 Nañu ko daan téeméeri dogi xaalis, jox
ko baayu ndaw si, ndax moo yàq deru
janqub Israayil. Jabaram lay doon ba tey,
te du ko saña fase giiru dundam.
20 Waaye su tuuma ji dee dëgg, te
giseesul lenn ndaw ca ndaw sa,
21 nañu yóbbu ndaw sa ba ca bunt kër
baayam, te góori dëkk bi dóor koy doj ba
mu dee, ndax moo def jëf ju gàccelu ci digg
Israayil, di gànctoo kër baayam. Noonu
ngeen di tenqee lu bon ci seen biir.
22 Bu ñu fekkee kuy tëdde ku am jëkkër;
ka ko tëdde ak ka ñu tëdde, dee mooy seen
àtte, ñoom ñaar ñépp, ngeen tenqee ko lu
bon ci Israayil.
23 Su ab janq digoo ak waayam ab séy,
gannaaw gi, keneen dajeek moom ci biir
dëkk bi, tëdde ko,
24 génneleen leen ñoom ñaar, ba ca buntu
dëkk booba, ngeen dóor leen ay doj ba ñu
dee, ndax ndaw si moo yuuxuwul woon
wall, te muy ca biir dëkk ba, te waa ji it
moo jabaroo jabaru moroomu góoram.
Noonu ngeen di tenqee lu bon ci seen biir.
25 Su fekkee ne ci àll bi la waa ji dajeek
ndaw si digook keneen ab séy, mu jàpp ko,
tëdde ko nag, waa ji ko tëdde doŋŋ la dee di
àtteem.
26 Waaye ndaw si deesu ko def dara.
Bàkkaar bu dee di àtteem toppu ko ca, ndax
ni ku song moroomam, bóom ko rekk, ni la
mbir moomu deme,
27 nde biir àll ba mu dajeek ndaw sa, bu
ndaw sa yuuxu woon it, du am ku ko
wallu.

28 Ku dajeek as ndaw, te mu dib janq bu
digoowul ak keneen ab séy, su ko jàppee,
tëdde ko, ba ñu gis leen,
29 kooka tëdde ndaw sa, day jox baayu
ndaw sa juróom fukki dogi xaalis.
Jabaram lay doon it, gannaaw moo ko
jabaroo, te du ko saña fase giiru dundam.

# 23

1 Bu kenn jël jabaru baayam, di teddadil
lalu baayam.

### *Am na ñu dul bokk ci ndajem Aji Sax ji*

2 Ku ñu mor mbaa ñu dagg ngóoraam, du
bokk ci ndajem gëmkati Aji Sax ji.
3 Ku dul doomu yoon du bokk ci ndajem
gëmkati Aji Sax ji. Ku askanoo ci moom it,
ba ca fukkeelu maas ga, du bokk ci
ndajem gëmkati Aji Sax ji.
4 Ab Amoneen mbaa ab Mowabeen du
bokk ci ndajem gëmkati Aji Sax ji. Ku
askanoo ci ñoom it, ba ca fukkeelu maas
ga, du bokk ci ndajem gëmkati Aji Sax ji
mukk,
5 ndax la ñu leen dabewul woon aw ñam,
mbaa am ndox, ca yoon wa, ba ngeen
génnee Misra, xanaa di fey Balaam doomu
Bewor ma bokk Petor ca Aram Naarim,
ngir mu móolu leen.
6 Waaye seen Yàlla Aji Sax ji moo
nanguwula déglu Balaam; kàddug yàqe ga
la leen seen Yàlla Aji Sax ji soppil barke,
ndax seen Yàlla Aji Sax ji da leena sopp.
7 Buleen sàkku mukk jàmmu ñooñu mbaa
seen njariñ, seen giiru dund, ba fàww.
8 Buleen bañ ab Edomeen, ndax seen
mbokk la. Buleen bañ nitu Misra, ndax ay
doxandéem ngeen woon ca seenum réew.
9 Ñi soqikoo ci ñaari xeet yooyii, ca
ñetteelu maas ga, te di seeni sëtaat* nag,
sañ nañoo bokk ci ndajem gëmkati Aji Sax
ji.
10 Bu ngeen génnee ba fàkk ab dal, ngir
jànkoonte ak seeni noon, nangeen sàmmu
ci lépp lu aay.
11 Su amee ci seen biir ku setul, ndax
géntu guddi gu ko dikkal, na génn dal bi, ca
biti, te bumu duggaat ci biir dal bi.
12 Bu ngoon di jubsi na sangu, ba jant bi
so, mu doora délsi ci biir dal bi.
13 Te sàkkleen béreb bu génn dal bi, ngeen
di fa dem, di suturluji.
14 Na ngaska bokk ci seeni fàgguwaay,
ndax su ngeen suturlujee ca biti ba noppi,
moom ngeen di gase, ba suul seeni jonkan.
15 Ndax seen Yàlla Aji Sax ji mooy dem
aka dikk ci seen biir dal bi, ngir xettali
leen, ba jébbal leen seeni noon. Kon nag
seenub dal daa wara sell, ngir Aji Sax ji
ñàkka gis fi seen biir, lenn lu tegginewul,
ba dëddu leen.
16 Gannaaw loolu buleen delloo ab jaam
bu làqu ci yeen, te rëcce ci ab sangam.
17 Ci yeen lay toog, ci seen biir, béreb ba
mu taamu, ci benn bi ko gënal ci seeni
dëkk, te buleen ko néewal doole.
18 Gànc buy gànctul ay tuur, bumu am ci
biir jigéeni Israayil, te gànc bu góor buy
gànctul ay tuur†, bumu am ci góori Israayil.
19 Buleen indi mukk ci seen biir kër Yàlla
Aji Sax ji, peyooru gànc bu jigéen mbaa bu
góor, ngir wépp xas wu ngeen namma
wàccoo googu peyoor, ndax yooyu ñaar
yépp, seen Yàlla Aji Sax ji seexlu na ko.

### *Deesul topp bànni Israayil ab tegandaay*

20 Buleen teg seen mbokkum bànni
Israayil tegandaayal xaalis, mbaa
tegandaayal ñam, mbaa tegandaayal
mboolem bor bu tegandaay tege.
21 Ab doxandéem, sañ ngeen koo sàkku
tegandaay, waaye seen mbokkum bànni
Israayil, buleen ko sàkku tegandaay. Su ko
defee seen Yàlla Aji Sax ji mooy barkeel
mboolem seenu ñaq, ca réew ma ngeen
jëm, ngir nanguji ko.

### *Wàccook aw xas wartéef la*

22 Su ngeen xasalee seen Yàlla Aji Sax ji
aw xas, buleen ko yeexa wàccool, ndax
kon seen Yàlla Aji Sax ji du leen ko ñàkka
topp, te kon muy seen bàkkaar.
23 Waaye baña xas, amul bàkkaar.
24 Li seen làmmiñ tudd, sàmmooleen koo
jëfe, na ngeen ko xasale woon seen Yàlla
Aji Sax ji, ci seen sagoy bopp, ak seen
kàddug bopp.

---

* **23.9** Mooy ñetteelu maasug xeet yooyu taamoo dëkke réewum Israayil. Seetal ci *Màndiŋ ma* 12.1-15. † **23.18** Googu gànctu, jaamukati tuur ya ca Kanaan daan nañu ko jëfe, ngir yaakaar ne dina tax seenum njur ak seeni tool nangu.

*Raasaatu mu suur boroom lew na*

25 Bu ngeen duggee ci seen tóokëru
reseñu moroom, lekkleen ca reseñ ja lu
leen neex ba suur, waaye seen ndab,
buleen ko ca yeb.
26 Bu ngeen duggee ci seen toolu peppu
moroom, fekk mu ñor, sàkkeleen seen loxo
ca gub ya, waaye ab sàrt, buleen ko góobe
seen peppu moroom.

# 24

*Yoon wi sàrtal na pase ak séyaat*

1 Ku jël jabar, ba gannaaw gi xoolatu ko
bëtu yiw, ndax lu tegginewul lu mu ko
gisal, su ko bindalee kayitu pase, teg ko ci
loxoom, ba yiwi ko, mu jóge këram,
2 su jógee ca kër ga, dem ba mujj doon
jabaru keneen,
3 su ko jëkkëram ju mujj jooju jéppee,
bindal ko kayitu pase, teg ko ci loxoom, ba
yiwi ko, mu jóge këram, mbaa su jëkkëram
jooju ko mujja jël faatoo,
4 su boobaa jëkkëram ju njëkk ja ko yiwi
woon du ko saña jëlaat jabar, gannaaw ba
ndaw sa sobewoo noonu, ndax loolu lu
jomblu la fi kanam Aji Sax ji, te waruleena
indi bàkkaar ci biir réew mi leen seen Yàlla
Aji Sax ji di moomale.
5 Ku jël ab séet du bokk ci gàngoor gu jëm
xare, te deesu ko sas lenn. Day moom
boppam atum lëmm, ngir toog këram, di
bégal jabaram ji mu jël.

*Yoon wi aar na néew-ji-doole*

6 Buleen tayleloo kenn ñaari doji
wolukaayam, ci bor bu mu leen ameel.
Buleen ko tayleloo wenn doj wa féete kaw
sax, ndax kon bakkanam ngeen defub
tayle.
7 Su amee nit ku ñu fekke kenn ciy
bokkam, ku mu sàcce ci bànni Israayil, mu
di ko def jaam, mbaa mu jaay ko, su
boobaa dee mooy àtteb kookee ko sàcc.
Noonu ngeen di tenqee lu bon ci seen biir.
8 Fexeleen ba ci biir mbasum jàngoroy
der juy màgg, ngeen di sàmmoo, jëfe bu
baax, mboolem lu leen sarxalkat yiy
Leween ñiy tegtal. Ni ma ko sante
sarxalkat yiy Leween ñi, sàmmooleen koo
jëfe noonu.
9 Fàttalikuleen la seen Yàlla Aji Sax ji
defoon Maryaama ca yoon wa, ba ngeen
génnee Misra*.
10 Bu ngeen lebalee seen moroom, ak lu
bor ba mana doon, buleen dugg biir
néegam, di fa jël ab tayleem.
11 Ca biti ngeen di taxaw, ka ngeen di
lebal yótsi leen ab tayleem ca biti.
12 Su dee ku néew doole, buleen tëraale
ab tayleem.
13 Fexeleen ba delloo ko tayle ba bu jant
biy so, ba mu tëraale mbubbum tayle ma,
sante leen ko, muy lu jekk fa seen kanam
Yàlla Aji Sax ji.
14 Buleen gàddu àqu liggéeykat, baadoolo
bu néew doole ci seen biiri bokk, mbaa ci
seen dëkkandoo yiy doxandéem ci seen
dëkk yi ci réew mi.
15 Ci bés bi, ngeen koy fey peyooram. Bu
ko jant sowe, ndax néew doole la te moom
la yaakaara dunde. Lu ko moy mu boole
leen ak Aji Sax ji, ngeen gàddu bàkkaar.
16 Deesul teg waajur àtteb dee, ngir
weccikoo ko doom ja, te doom it deesu ko
teg àtteb dee, weccikoo ko waajur wa. Nit
ku nekk, bàkkaaru boppam lees koy tege
àtteb dee.
17 Buleen xañ dëgg ab doxandéem akub
jirim, te buleen taylelu mbubbum jëtun.
18 Fàttalikuleen ne ay jaam ngeen woon
ca Misra, seen Yàlla Aji Sax ji moo leen fa
jote. Looloo waral man, ma sant leen
ngeen jëfe ndigal loolu.
19 Bu ngeen di góob seenub tool, ba fàtte
ab sëq ca tool ba, buleen dellu di ko jëli. Ab
doxandéem akub jirim akub jëtun, ñoom la
poraat may ñeel, su ko defee seen Yàlla Aji
Sax ji barkeel leen ci mboolem seenu ñaq.
20 Bu ngeen bàccee seen garabu oliw ba
noppi, buleen toppaat car ya, di witt lu ca
des. Ab doxandéem akub jirim akub jëtun,
ñoom la ndesit way ñeel.
21 Bu ngeen wittee seen tóokëru reseñ,
buleen dellu di ko wittaat. Ab doxandéem
akub jirim akub jëtun ñoom la wittaat may
ñeel.
22 Fàttalikuleen ne ay jaam ngeen woon
ca réewum Misra. Looloo waral man, ma
sant leen ngeen jëfe ndigal loolu.

* **24.9** Seetal ci *Màndiŋ ma* 12.10.

# 25

## *Njub ak yërmande wartéef la*

1 Su ab jote amee diggante ay nit, nañu
dem ca ëttub àttekaay ba, ñu àtte leen, ba ki
am dëgg, ñu jox ko dëgg, ki tooñ, ñu teg ko
tooñ.
2 Su dee ay dóor la ki tooñ yelloo, na ko
àttekat bi tëral, ñu dóor ko ci kanamam,
limu yar ba yemook tooñam.
3 Waaye ñeent fukki yar, bu ñu ko dóor lu
ko ëpp, ndax dóor ko lu ëpp loolu, toroxal
seen mbokk ci seen kanam lay doon.
4 Buleen ŋalaab gémmiñu nag te fekk koy
bojj am pepp.

## *Donn sa jabaru mbokk wartéef la*

5 Bu ay góor yu bokk waajur dëkkee,
kenn ci ñoom dee te bàyyiwul doom ju góor,
jabaru ki dee du génn, di séy akub jàmbur.
Jëkkëru donaleem ju bokk ak jëkkëram moo
ko wara jël, donloo ko.
6 Su ko defee bu ca ndaw sa taawloo
góor, taaw ba saxal turu mbokkam ma
dee, ba turam du fey ci biir Israayil.
7 Su waa ji bëggula jël jabaru donaleem
jooju, na ndaw sa dem ba ca mag ña ca
buntu dëkk ba, ne leen: «Sama jëkkëru
donale jii moo baña saxal turu mbokkam
ci Israayil. Moo ma bëggula donloo.»
8 Bu loolu amee na ko magi dëkkam
woolu, wax ak moom. Su waa ji dëgëree,
ne bëggu koo jël,
9 na ko jabaru donaleem ja fekki ca
kanam mag ña, daldi summi benn caraxu
waa ji ba noppi, tifli waa ji ci kanam, ne
ko: «Nii lees di def ku dul sampal
mbokkam kër.»
10 Su boobaa tur wa ñuy dippee waa kër
waa ja ci digg Israayil, di «Kërug summi
carax.»

## *Am na jëf ju aay ci sot*

11 Su ay góor dee jàppante, ba jabaru
kenn ki dikk, di sotle jëkkëram; bu jàppee ca
ngóoray kay jàppanteek jëkkër ja,
12 dogleen loxol ndaw sa te buleen ko
ñéeblu.

## *Ab nattukaay day mat*

13 Buleen denc ci seen mbuus doju
màndaxekaay* ak moroom ma, te bii diis,
bi ci des woyof.
14 Buleen denc seen kër nattukaayu
sol-sotti ak moroom ma, bii réy, bi ci des
tuut.
15 Doju màndaxekaay bu mat te dëggu
ngeen wara am, te nattukaayu sol-sotti bu
mat te dëggu ngeen wara am, ndax ngeen
gudd fan ca réew ma leen seen Yàlla Aji
Sax ji di jox.
16 Seen Yàlla Aji Sax ji kat seexlu na képp
kuy def yooyii, képp kuy defug njublaŋ.

## *Mbugal Amaleg ndigal la*

17 Fàttalikuleen la leen Amalegeen ña
defoon ca yoon wa, ba ngeen génnee
Misra:
18 ñoo leen dab ci yoon wi, songe leen
gannaaw, faat mboolem ña desoon
gannaaw, fekk ngeen sonn, loof, te ñoom
ragaluñu ci sax Yàlla.
19 Bu ngeen demee ba seen Yàlla Aji Sax
ji noppal leen ci mboolem seen noon yi
séq réew mi mu leen sédd, ngir ngeen
nangu ko, nangeen far mboolem lu ñu
doon fàttalikoo Amalegeen ñi fu asamaan
tiim. Buleen ko fàtte.

# 26

## *Njotlaayal Aji Sax ji laaj na ab galag*

1 Gannaaw loolu, bu ngeen demee ca
réew ma leen seen Yàlla Aji Sax ji sédd, ba
ngeen nangu ko, dëkke,
2 na ku nekk ci yeen sàkk ca ndoortel
mboolem meññeefum suuf mu mu jële ca
seen réew ma leen seen Yàlla Aji Sax ji di
jox, mu def ko ci pañe, yóbbu ca béreb ba
seen Yàlla Aji Sax ji tànn ngir dëël turam
ëllëg.
3 Na àgg ca sarxalkat ba fa nekk ci yooyu
jant, ne ko: «Maa biral tey jii fi sa kanam
Yàlla Aji Sax ji ne, agsi naa ci réew mi Aji
Sax ji giñaloon samay maam, ne moom la
may jox.»
4 Na sarxalkat bi nangoo pañe bi ci
loxoom, taaj ko fi seen kanam
sarxalukaayu Yàlla Aji Sax ji.

* **25.13** ***màndaxekaay*** jumtukaayu nattu la. mooy maamu xeet wi.

* **26.5** ***ab Arameen*** mooy Ibraayma, mi cosaanoo Padan Aram, te

5 Mu dellu nag wax fi seen kanam Yàlla
Aji Sax ji, ne: «Sama maam ab Arameen*
buy màngaan la woon. Mu dem Misra,
sance fa mbooloo su néew, te mujj di askan
wu réy, am doole te bare.
6 Waa Misra nag soxore nu, mitital nu,
yen nu liggéey bu diis.
7 Ba loolu amee nu yuuxu, woo sunu
Yàllay maam Aji Sax ji wall, Aji Sax ji dégg
nu, gis sunu mitit, ak sunu coono, ak sunu
nootaange.
8 Aji Sax ji nag génne nu Misra ci dooley
loxoom ak kàttanam, ci biir musiba mu réy
aki firnde aki kéemaan.
9 Ba loolu wéyee mu indi nu fi béreb bii,
jox nu réew mii, réew mu meew meek lem
ji tuuroo.
10 Moo ma taxa indi nii ndoortel
meññeefum suuf si nga ma jox, Aji Sax ji.»
Su ko defee mu taaj pañe bi fi seen kanam
Yàlla Aji Sax ji, daldi sujjóot fi seen kanam
Yàlla Aji Sax ji.
11 Mu bége nag, moom ak Leween ñeek
doxandéem yi dëkk ci seen biir, mboolem
lu baax li ko seen Yàlla Aji Sax ji jox, moom
ak waa këram.
12 Gannaaw bu ngeen génnee mboolem
céru fukkeelub meññeef, ci atum ñetteel,
yemook atum génne cérub fukkeel,
gannaaw ñaari at yu nekk, nangeen ko jox
Leween ñi ak doxandéem yi ak jirim yi ak
jëtun ñi, ngir ñu lekk ba regg, fa ñu féete ca
seeni dëkk,
13 te na ku nekk ci yeen wax fi seen
kanam Yàlla Aji Sax ji, ne: «Jële naa sama
kër céru cellte bi, ba jox ko Leween ñeek
doxandéem yeek jirim yeek jëtun yi,
noonee mu dëppook sa santaane bi nga nu
dénk. Moyuma lenn ci say santaane, te
fàttewuma ci lenn.
14 Lekkuma ci dara ci biir ab dëj,
jëlewuma ci dara te fekk ma sobewu, te it
sarxaluma ci dara ku dee. Sama kàddug
Yàlla Aji Sax ji laa topp, noonee nga ma ko
sante woon.
15 Ngalla séentul fa sa màkkaan mu sell ca
asamaan, te nga barkeel Israayil, sa ñoñ,
barkeel suuf si nga nu jox, noonee nga ko
giñale woon sunuy maam réew mu meew
meek lem ji tuuroo.»

*Kóllëre feddaliku na*

16 Bésub tey jii seen Yàlla Aji Sax ji moo
leen sant ngeen jëfe dogal yii ak àttey yoon
yi. Sàmmooleen koo jëfe seen léppi xol ak
seen léppi jëmm.
17 Aji Sax ji ngeen biral bésub tey ne,
mooy doon seen Yàlla, te dingeen doxe ay
yoonam, di sàmm dogali yoonam aki
santaaneem ak àttey yoonam, tey dégg
waxam.
18 Aji Sax ji it biral na bésub tey ne,
yeenay doon ñoñam ñi mu séddoo, noonee
mu leen ko dige woon, te ngeen di sàmm
mboolemi santaaneem.
19 Moo leen di aj ba ngeen tiim
mboolem xeet yi mu sàkk, ci wàllu bayre
ak tur ak teraanga, te moo leen di def
askan wu sell, ñeel seen Yàlla Aji Sax ji,
noonee mu ko digee woon.

## Musaa biral na yooni barke ak alkànde

# 27

*(Saar 27—30)*

1 Ba loolu wéyee Musaa ak magi Israayil
sant mbooloo ma, ne leen: «Sàmmleen
mboolem santaane yi ma leen dénk bésub
tey.
2 Bés bu ngeen jàllee dexu Yurdan, ba
dugg ca réew ma leen seen Yàlla Aji Sax ji
jox, sampleen ay doj yu mag, ngeen diw
doj ya weexal,
3 te ngeen bind ca mboolem kàdduy
yoon wii, gannaaw bu ngeen jàllee. Su ko
defee ngeen mana dugg ca réew ma leen
Aji Sax jiy jox, réew mu meew maak lem ja
tuuroo, noonee leen ko seen Yàllay maam
Aji Sax ji waxe woon.
4 Gannaaw bu ngeen jàllee dexu Yurdan,
sampleen doj yooyu ca kaw tundu Ebal, ni
ma leen ko sante tey jii, te ngeen diw doj
yi weexal.
5 Nangeen fa tabax ab sarxalukaay, ñeel
seen Yàlla Aji Sax ji, ab sarxalukaay bu ñu
defare doj yu jumtukaayu weñ laalul.
6 Doj yu mat yu ñu soppiwul lenn ca na
ñu bindoo ngeen di tabaxale ab
sarxalukaay, seen Yàlla Aji Sax ji, ngeen
def ca ay saraxi rendi-dóomal, ñeel seen
Yàlla Aji Sax ji.

7 Defleen ca itam ay saraxi cant ci biir
jàmm yu ngeen di lekk foofa. Ngeen daldi
bége fa seen kanam Yàlla Aji Sax ji.
8 Nangeen bind ca kaw doj ya, mboolem
kàdduy yoon wii, ba mu leer nàññ.»
9 Ba mu ko defee Musaa ak sarxalkat yiy
Leween ñi wax ak Israayil gépp, ne leen:
«Yeen Israayil, neleen cell te déglu. Bés niki
tey doon ngeen askan wu ñeel seen Yàlla
Aji Sax ji.
10 Kon nag déggalleen seen Yàlla Aji Sax
ji, te ngeen jëfe ay santaaneem, ak dogali
yoonam yi ma leen di dénk tey.»
11 Musaa nag sant mbooloo ma bésub
keroog, ne leen:
12 «Giir yii may lim, ñooy taxawe kaw
tundu Garisim, ngir ñaanal mbooloo mi,
gannaaw bu ngeen jàllee dexu Yurdan:
Cimyoneen ñi ak Leween ñi ak Yudeen ñi
ak Isakareen ñi ak Yuusufeen ñi ak
Beñamineen ñi.
13 Giir yii nag ñooy taxaw di rëbbe, fa
kaw tundu Ebal: Rubeneen ñi ak Gàddeen
ñi ak Asereen ñi ak Cabuloneen ñi ak
Daneen ñi ak Neftaleen ñi.»

## *Lu jëm ci alkànde yi*

14 Leween ñi ñooy wax ak waa Israayil
gépp, di àddu ca kaw, ne:
15 «Alku ñeel na képp ku sàkk, bay teg ci
béreb bu làqu, li Aji Sax ji seexlu, te ab
liggéeykat sàkke ko ay loxoom, muy jëmmu
tuur mu ñu yatt, mbaa mu ñu móol.» Su ko
defee mbooloo mépp àddoondoo, ne: «Aa,
dëgg gu wér!»
16 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku toroxal
baayam mbaa ndeyam.» Mbooloo mépp
ne: «Aa, dëgg gu wér!»
17 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku toxal
màndargam kemu suufas moroomam.»
Mbooloo mépp ne: «Aa, dëgg gu wér!»
18 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku sànk
silmaxa ci aw yoon.» Mbooloo mépp ne:
«Aa, dëgg gu wér!»
19 Ñu neeti «Alku ñeel na ku jengal àtteb
doxandéem ak jirim akub jëtun.» Mbooloo
mépp ne: «Aa, dëgg gu wér!»
20 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku tëdde jabaru
baayam, ndax suturas baayam la xàwwi.»
Mbooloo mépp ne: «Aa, dëgg gu wér!»
21 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku tëdde
mboolem luy mala.» Mbooloo mépp ne:
«Aa, dëgg gu wér!»
22 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku tëdde ab
jigéenam, muy doomu baayam, mbaa
doomu ndeyam.» Mbooloo mépp ne: «Aa,
dëgg gu wér!»
23 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku tëdde yaayu
jabaram.» Mbooloo mépp ne: «Aa, dëgg gu
wér!»
24 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku rey
moroomam ci kumpa.» Mbooloo mépp ne:
«Aa, dëgg gu wér!»
25 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku nangub ger,
ngir rotal bakkanu nit ku deful dara.»
Mbooloo mépp ne: «Aa, dëgg gu wér!»
26 Ñu neeti: «Alku ñeel na ku saxoowul
kàdduy yoon wii, di ko jëfe.» Mbooloo
mépp ne: «Aa, dëgg gu wér kay!»

# 28

## *Lu jëm ci barke yi*

1 Su ngeen déggalee ba déggal seen Yàlla
Aji Sax ji, ngir di sàmmoo jëfe mboolem
santaaneem yi ma leen di dénk tey, kon
seen Yàlla Aji Sax ji moo leen di aj ci kaw
mboolem xeeti àddina.
2 Barke yii yépp a leen di dab, sottiku ci
seen kaw, bu ngeen déggalee seen Yàlla Aji
Sax ji:
3 Barkeel a leen di ñeel ci biir dëkk,
barkeel a leen di ñeel cib àll.
4 Barkeel ay ñeel seen meññeefum
njurukaay, ak seen meññeefum suuf, ak
seenug jur, seen jur gu gudd ak seen jur
gu gàtt.
5 Barkeel ay ñeel seenum witt ak
seenum xiiw.
6 Barkeel ay ñeel seen yoonu dem,
barkeel ay ñeel seen yoonu dikk.
7 Aji Sax jeey def, noon yi leen di jógal,
ñooy daanu fi seen kanam. Wenn yoon
lañuy dikke, dal ci seen kaw, waaye juróom
ñaari yoon lañuy awe, daw, jiitu leen.
8 Aji Sax jee leen di booleek barke bu
wàccal seenum sàq ak seen mboolem ñaq,
te moo leen di barkeel ca réew ma leen
seen Yàlla Aji Sax ji jox.
9 Moo leen di defal boppam askan wu
sell, noonee mu leen ko giñale woon,

ndegam sàmm ngeen seen santaaney Yàlla
Aji Sax ji, di doxey yoonam.
10 Su boobaa mboolem xeeti kaw suuf
dinañu gis ne turu Aji Sax ji lees leen di
woowe, te dinañu leen ragal.
11 Aji Sax jee leen di xéewale, ngir baaxe
seen meññeefum njurukaay, ak seenug
jur, ak seen meññeefum suuf, ca réew ma
mu giñaloon seeni maam, ne moom la leen
di jox.
12 Aji Sax jee leen di ubbil mbàndam mu
baax ma fa asamaan, ba bu jotee mu
tawal seenum réew, boole ci barkeel seen
mboolem ñaq.

Yeenay lebal xeet yu bare, waaye yeen
dungeen leb.
13 Aji Sax jee leen di def bopp, te du leen
defub geen, te kaw rekk ngeen di jëm,
waaye dungeen jëm suuf, ndegam yeena
ngi topp seen santaaney Yàlla Aji Sax ji ma
leen di dénkal sama bopp bésub tey, di ko
sàmmoo jëfe,
14 te mboolem kàddu yii ma leen di dénk
tey, ngeen bañ koo moye ndijoor mbaa
càmmoñ, di topp yeneen yàlla yu ngeen di
jaamu.

### *Déggadi, alku*

15 Waaye nag su ngeen déggalul seen
Yàlla Aji Sax ji, te baña sàmmoo jëfe
mboolemi santaaneem ak dogali yoonam
yi ma leen di jox tey, mboolem alkànde yii
dina leen dab, sottiku ci seen kaw:
16 Dingeen alkoo biirub dëkk, alkoo àll.
17 Dingeen alkule am witt ak am xiiw.
18 Dingeen alkule meññeefum
njurukaay, ak meññeefum suuf, ak jur gu
gudd ak gu gàtt.
19 Dingeen alkoo seen yoonu dem, alkoo
seen yoonu dikk.
20 Aji Sax jeey yebal fi seen biir, kumte
ak tiitaange, ak mbetteel ci mboolem lu
ngeen ñaq, ba ngeen yàqu, ba jekki sànku
ndax seen jëf ju ñaaw ju ngeen ko dëddoo.
21 Aji Sax jee leen di langalal mbas, ba
raafal leen ca réew ma ngeen jëm, ngir
nanguji ko.
22 Aji Sax jee leen di dumaa woppi ràgg,
ak yaram wu tàng, ak lakk-lakk, ak jant bu
tàng jérr, ak maral, ak gàncax gu xuur, tegi
liir, lépp topp leen ba ngeen sànku.
23 Asamaan si tiim seen bopp nag da
naan sereŋ ni xànjar, suuf si ngeen teg
seeni tànk, wow koŋŋ ni weñ gu ñuul.
24 Aji Sax jeey def seen tawub réew di
suuf ak pënd bu bawoo asamaan, di
yuriku ci seen kaw, ba ngeen sànku.
25 Aji Sax jeey def ngeen daanu fi seen
kanami noon. Wenn yoon ngeen di dikke,
song leen, waaye juróom ñaari yoon ngeen
di awe, daw, te dees na leen seexlu ci
mboolem nguuri kaw suuf.
26 Su ko defee seeni néew di poraatum
mboolem njanaaw ak rabu àll, te kenn du
leen dàq.
27 Aji Sax jee leen di dumaa taabi Misra,
ak neewoy kërug suuf, ak yaram wu xas,
ak ër yuy xasan te dungeen mana am
pajam.
28 Aji Sax jee leen di dumaa ag ndof
akug cilmaxa ak ngëlëmte,
29 ba ngeen di làmbatoo digg bëccëg ni
silmaxa di làmbatoo cig lëndëm. Dungeen
sottal seeni mébét. Dees leen di néewal
doole, di foqati seen alal rekk, bés bu
nekk, te kenn du leen wallu.
30 As ndaw, ngeen digool ab séy, keneen
tëdde ko; ag kër, ngeen tabax, te dungeen
ko dëkke; ab tóokëru reseñ, ngeen jëmbat, te
dungeen ko jariñoo.
31 Seenu yëkk, ñu rendi, ngeen gis, te
dungeen ci lekk; seen mbaam, ñu nangu
ko ci seeni loxo, te du délsi ci yeen; seeni
gàtt, ñu jébbal seeni noon, te kenn du leen
wallu.
32 Seen doom yu góor ak yu jigéen, ñu
jébbal weneen xeet ci seen kanam, ngeen
di leen séentu ci neen bés bu Yàlla sàkk, te
dungeen ci man dara.
33 Seen meññeefum suuf, ak mboolem
seenu ñaq, xeet wu ngeen xamuloon a koy
lekk, te dees leen di noot aka dëggaate
rekk, bés bu nekk.
34 Dingeen mujj dof ndax lu buur seeni
bët ngeen di gis.
35 Aji Sax jee leen di dumaa taabi óom,
ak taabi yeel yu bon. Dungeen mana am
pajam, te ci seen wewu tànk lay lawe, ba ci
seen kaw bopp.
36 Aji Sax jee leen di diri, yeen ak seen
buur bi ngeen fal, ba ca biir xeet wu ngeen

xamuloon, yeen ak seeni maam, ngeen di
fa jaamu yeneen yàllay bant ak doj.
37 Dees na leen mujj seexlu, di leen
léebooka kókkalee foofa ca biir mboolem
xeet ya mu leen dàq jëme.
38 Jiwu mu bare ngeen di yóbbu tool, te
lu néew ngeen cay ame, ndax njéeréer yee
koy wat.
39 Ay tóokëri reseñ, ngeen jëmbat, sonn
ca, te biiñ, dungeen ko naan, dungeen witt
doom ya it, ndax sax yee koy lekk.
40 Ay garabi oliw ngeen di am ci seen
réew mépp, waaye ag diw, dungeen ko
diwoo, ndax seen doomi oliw ya day
yolax.
41 Ay doom yu góor ak yu jigéen ngeen di
jur, waaye duñu leen nekkal, ndax njaam
lañuy duggi.
42 Seen gépp garab ak seen meññeefum
suuf, soccet yee koy nangu.
43 Doxandéem bu nekk ci seen biir mooy
yéeg tiim leen, ba ca kaw-a-kaw, yeen nag
ngeen di wàcc, ba suufee suufe.
44 Moom moo leen di lebal, waaye
dungeen ko lebal. Moom mooy doon
bopp; yeen, ngeen di geen.
45 Mboolem alkànde yii ñoo leen di dab,
dal ci seen kaw, topp leen, ba ngeen sànku,
ndax yeena déggalul seen Yàlla Aji Sax ji,
ngir wormaal ay santaaneem ak dogali
yoonam yi mu leen dénk.
46 Loolu mooy doon, ci seen biir ak seen
biir askan, ba fàww, ay firnde aki kéemaan
yu leen di artu.
47 Gannaaw yeena jaamuwul seen Yàlla
Aji Sax ji ci mbégte ak xol bu sedd, keroog
ba ngeen barelee lépp,
48 seen noon yi Aji Sax jiy yebal ci seen
biir, ñoom ngeen di jaamuji ci biir xiif ak
mar ak rafle ak gépp ñàkk. Aji Sax jeey teg
yetu weñ ci seen ndodd, ba sànk leen.
49 Aji Sax jeey jógloo ci seen kaw xeet wu
sore, ñu bàyyikoo ca cati àddina, dikk ne
milib nig jaxaay, te dégguleen aw làkkam,
50 xeet wu ñàng kanam te rusuñu mag,
yërëmuñu gone.
51 Ñooy yàpp seenug jur, lekk seen
gàncax, ba ngeen raaf. Duñu leen wacce
dara: du pepp, du biiñ, dug diw, du doomu
jur gu gudd ak gu gàtt, ba ngeen far sànku.
52 Dees na leen gawe ci seen dëkk yépp,
ba seen tata yu kawe ya te dàbbaliku ya
ngeen yaakaaroon ci seen réew mépp,
màbb. Dees na leen gawe seen dëkk yépp,
ci mboolem réew mi leen seen Yàlla Aji Sax
ji jox.
53 Dingeen mujj lekk seen meññeefum
njurukaay, seen suuxu doom yu góor ak
yu jigéen yi leen seen Yàlla Aji Sax ji may,
ndax gaw ba, ak tanc bu leen seeni noon
tanc.
54 Góor gi gëna lewet ci yeen te xay lool
dina xeelu mbokkam, xeelu jabar ju muy
noyyee, ak ndesu doomam ju mu dese,
55 ngir baña sédd kenn ci ñoom ci yàppu
doomam ya muy lekk, ndax du dese dara
ca biir gaw ba, ak tanc ba leen seeni noon
tanc, ci seen dëkk yépp.
56 Jigéen ju gëna lewet te xay ci yeen, ba
néegula teg ndëggoom ci suuf ndax
xayteem ak lewetaayam, dina xeelu
jëkkëram ju muy noyyee, ak doomam ju
góor ak ju jigéen.
57 Day fekk mu namma lekk ci kumpa
doom ju mu doora wasin, boole kook ànd
ba, ndax lépp ay ñàkk ca biir gaw ba, ak
tanc ba leen seeni noon tanc ca seeni dëkk.
58 Su ngeen sàmmoowula jëfe mboolem
kàdduy yoon wii binde ci téere bii, ngir
wormaal boroom tur wu màgg wii te
raglu, seen Yàlla Aji Sax ji,
59 su boobaa Aji Sax ji dina réyal seeni
duma, ak seen dumay askan, duma yu
mag te yàgg, ak wopp yu aay te ës.
60 Mooy delloosi fi seen kaw, mboolem
jàngoroy Misra yu ngeen ragaloon, ñu taq
leen.
61 Te it mboolem wopp ak mboolem
mbugal mu bindewul ci téereb yoon wii,
Aji Sax jee leen koy yen, ba ngeen sànku.
62 Nit ñu néew ngeen di dese, te bare
woon ni biddiiwi asamaan, ndax ñàkka
déggal seen Yàlla Aji Sax ji.
63 Su ko defee noonee Aji Sax ji daan
bége di leen baaxe aka yokk, noonu la Aji
Sax jiy bége di leen sànk aka bóom, te dees
na leen déjjatee ca réew ma ngeen jëm, ngir
nanguji ko.
64 Aji Sax jee leen di wasaare ci biir
mboolem xeeti àddina, cat ba cat, ngeen di
fa jaamu yeneen yàlla yu ngeen

xamuloon, du yeen, du seeni maam, yàllay
bant ak doj.
65 Ca biir xeet yooyu nag, dungeen fa
astandikoo, dungeen fa am sax fu ngeen
noppale seen téstën. Aji Sax jee leen fay
teg fit wu rëcc, ak gët yu giim, ak xol bu
jeex.
66 Seen bakkan ay nekk ci xott, ngeen
dëkke tiitaangey guddi ak bëccëg, te seen
ëllëg dootu leen wóor.
67 Ag suba ngeen ne: «Éy waay, bu doon
ngoonati.» Bu ngoonee ngeen ne: «Éy
waay, bu doon subaati!», ndax tiitaange ju
ngeen di tiit, ak li ngeen di teg seeni gët.
68 Aji Sax jee leen di yeb ciy gaal, delloo
leen Misra, yoon wu ma leen noon
dungeen ko gisati, ngeen di fa jaay seen
bopp seeni noon, ngir doon seen jaam yu
góor ak yu jigéen, te kenn du leen jënd.

### *Kóllëre gi yeeslu na*

69 Lii mooy sàrti kóllëre gi Aji Sax ji
santoon Musaa ngir mu fasoo ko ak bànni
Israayil, ca réewum Mowab, te bokkewul
ak kóllëre ga mu fasoo woon ak ñoom ca
tundu Xoreb.

## 29

1 Ba mu ko defee Musaa woolu Israayil
gépp, ne leen:
Yeena gis mboolem la Aji Sax ji def,
ngeen teg ci seen bët, ca réewum Misra, ci
kaw Firawna ak dagam ñépp ak réewam
mépp.
2 Nattu yu mag yooyu ak firnde yeek
kéemaan yu réy yooyu, yeena ci teg seen
bët,
3 te taxul Aji Sax ji may leen xel mu
ngeen ràññee, ak gët yu ngeen gise, ak
nopp yu ngeen dégge, booba ba sunu jonni
yàllay tey!
4 Aji Sax ji nee: «Maa leen jiite ñeent
fukki at ca màndiŋ ma, seeni yére ràppul,
seenu dàll ràppul.
5 Mburu, lekkuleen ko, biiñ mbaa
geneen naan gu diis, naanuleen ko. Maa
leen leel, ngir ngeen xam ne man maay
seen Yàlla Aji Sax ji.»
6 Ba ngeen agsee ci béreb bii, Sixon
buurub Esbon dikk, ànd ak Og buuru
Basan, dikk dajeek nun, ngir song nu xare,
nu duma leen.
7 Nu nangu seenum réew, sédd ko
Rubeneen ñi ak Gàddeen ñi ak genn-wàllu
giirug Manaseen ñi.
8 Sàmmleen nag sàrti kóllëre gii, di ko jëfe,
ndax ngeen baaxle ci mboolem lu ngeen
def.

### *Buleen caaxaane kóllëreg Aji Sax ji*

9 Yeena ngii tey, taxaw jonn, yeen ñépp
fi seen kanam Yàlla Aji Sax ji, seen njiiti
giir ak seeni mag ak seeni kàngam:
mboolem góori Israayil,
10 ak seeni tuut-tànk, ak seeni jabar,
akub doxandéem ci seenub dal, seen
gorkatub matt, ba ci seenub rootkat.
11 Yeena ngi tàbbi ci seen biir kóllëreg
Yàlla Aji Sax ji, ak ci ngiñam, kóllëre gi seen
Yàlla Aji Sax ji fasoo ak yeen bésub tey,
12 ngir def leen bésub tey askan wi mu
ñoñoo; moom ci boppam mu doon seen
Yàlla, na mu leen ko waxe woon, na mu ko
giñale woon seeni maam, Ibraayma ak
Isaaxa ak Yanqóoba.
13 Aji Sax ji nee: «Du yeen doŋŋ laay
fasool kóllëre gii ak ngiñ lii.»
14 Yeen ñi taxaw ci sunu biir tey, fi sunu
kanam Yàlla Aji Sax ji, ci ngeen bokk,
waaye ñi dikkagul bay bokk ak nun ñi
taxaw fii it, ci lañu.
15 Yeen ci seen bopp, xam ngeen na nu
nekke woon réewum Misra ak na nu jaare
ca biir xeet ya ngeen jaare seeni réew.
16 Gis ngeen seen jëf ju jomblu, seen
kasaray tuur ya: yëfi bant yeek yëfi doj
yeek yëfi xaalis yeek yëfi wurus yi ñu àndal.
17 Kon nag, muy góor, di jigéen, ak làng
gu mu mana bokk, mbaa giir, fexeleen ba
kenn ci yeen du walbatiku, dëddu bésub
tey sunu Yàlla Aji Sax ji, di jaamuji yàllay
xeet yooyu. Lu ko moy ab reen dina fëlle fi
seen biir, meññal leen tooke ak wextan.
18 Jombul mu am ku dégg kàdduy ngiñ
lii, tey nax boppam cim xelam, naan:
«Jàmm rekk laay am, maa tey të,» ba tax
ñax mu wow lakkaale mu tooy.
19 Aji Sax ji du nangoo baal kooku, nde
su boobaa, sànjum Aji Sax jeey ànd ak
fiiraangeem, tàkk ci kawam, te mboolem
alkànde gi ñu bind ci téere bii day këppu ci

kawam, te Aji Sax jeey far aw turam fu
asamaan tiim.
20 Aji Sax jee koy seppee ci mboolem
giiri Israayil, ngir sédd ko njekkar, na mu
dëppook mboolem alkàndey kóllëre gi ñu
bind ci téereb yoon wii.

*Mbugal du jaas*

21 Maas giy ñëw, seen doom yi leen di
wuutuji yeen, ñook doxandéem yi jóge fu
sore, bu ñu gisee mbugal yi ci réew mii, ak
wopp yi fi Aji Sax ji woppale:
22 tamarax ak xorom, ak lakk gi ci seen
réew mépp, ba du lenn lees fay ji, mbaa lu
fay jebbi, mbaa genn gàncax gu fay saxe,
mbete tastey Sodom ak Gomor ak Adma
ak Ceboyim, dëkk ya Aji Sax ji tas ca
meram ma ak sànjam ma,
23 su boobaa yéefar yépp a naan: «Ana lu
waral Aji Sax ji def nii réew mi? Lu waral
mii sànj mu tàng te réy?»
24 Ñu ne leen: «Li ko waral mooy, dañoo
fecci kóllërey Aji Sax ji, seen Yàllay maam,
te mu fasoon ko ak ñoom ba mu leen jëlee
réewum Misra.
25 Ñu dem nag, di jaamu yeneen yàlla, di
leen sujjóotal, yàlla yu ñu xamuloon, te du
lu leen Aji Sax ji féetale.
26 Moo tax sànjum Aji Sax ji tàkkal réew
mii, ngir wàcceel leen mboolem alkànde yi
ñu bind ci téere bii.
27 Aji Sax ji nag moo leen déjjatee
seenum réew ci biir mer ak xadar ak sànj
mu réy, ba sànni leen meneen réew, niki
bésub tey jii.»
28 Mbir yi làqu daal, ñeel na sunu Yàlla
Aji Sax ji, mbir yi feeñ nag, ñeel nu, nook
sunuy doom ba fàww, te nu wara jëfe
mboolem kàdduy yoon wii.

# 30

*Dellusi ci Aji Sax ji, barkeel*

1 Ëllëg nag, su mboolem mbir yooyu
dikkee fi seen kaw, muy barke yi, di
alkànde yi ma teg fi seen kanam, su
boobaa bu ngeen delloosee seen xel foofa
mu leen fekk, ca biir mboolem xeet ya
leen seen Yàlla Aji Sax ji dàq jëme,
2 ba ngeen dellusi ci seen Yàlla Aji Sax ji,
di ko déggal ci mboolem ni ma leen ko
sante bésub tey, yeen ak seeni doom, te
ngeen defe ko seen léppi xol ak seen léppi
jëmm,
3 su boobaa Aji Sax jeey tijji seen wërsëg,
yërëm leen. Seen Yàlla Aji Sax ji moo leen
di dellu dajalee foofa, ci biir mboolem
xeet ya mu leen tasaare woon ca seen biir.
4 Su ñu leen toxaloon ba ca cati asamaan
sax, foofa la leen seen Yàlla Aji Sax ji di
dajalee, te fa la leen di jële.
5 Seen Yàlla Aji Sax jee leen di delloo ca
réew ma seen maam moomoon, ngeen
moom ko, te moo leen di baaxe, yokk leen
ba ngeen gëna bare seeni maam.
6 Su boobaa seen Yàlla Aji Sax jee leen di
xarafal xarafu xol, te mooy xarafal xarafu
xol seen askan, ngir ngeen soppe seen
Yàlla Aji Sax ji seen léppi xol ak seen léppi
jëmm, ndax ngeen dund.
7 Su loolu amee seen Yàlla Aji Sax jeey
teg mboolem alkànde yii ma leen limal, ci
kaw seeni noon ak seen bañ yi leen toŋal.
8 Yeen nag dingeen walbatiku, di déggal
Aji Sax ji, tey jëfe mboolem santaane yi ma
leen di dénk bésub tey jii.
9 Ci kaw loolu seen Yàlla Aji Sax ji mooy
baaxal mboolem seenu ñaq ak seen
meññeefum njurukaay ak seen meññeefum
jur ak seen meññeefum suuf, ngir lu baax.
Aji Sax ji mooy bégewaat di leen baaxe, na
mu daan bégee baaxe seeni maam.
10 Ndegam déggal ngeen seen Yàlla Aji
Sax ji, di topp ay santaaneem ak dogali
yoonam yi ñu bind ci téereb yoon wii;
ndegam yeena walbatikoo seen léppi xol
ak seen léppi jëmm, ba dellu ci seen Yàlla
Aji Sax ji.

*Musaa nee déggal Yàlla yomb na*

11 Santaane bii ma leen di dénk tey nag,
jafewul te sorewul ba të leen.
12 Ajewul kaw asamaan ba ngeen naan:
«Ana ku nuy yéegali kaw asamaan, àjjil nu
ko, dégtal nu ko, ba nu jëfe ko?»
13 Nekkul it wàllaa géej ba ngeen naan:
«Ana ku nuy jàllil wàllaa géej, jëlil nu ko,
dégtal nu ko, ba nu jëfe ko?»
14 Kàddu gi kay jege na leen lool: ci seen
gémmiñ ak ci seen biir xol la nekk, ngir
ngeen di ko jëfe.

15 Kon nag gis ngeen ko: teg naa fi seen
kanam, bés niki tey, dund ak mbaax, teg
naa fi seen kanam, dee ak loraange.
16 Li ma leen sant, man, bésub tey, mooy
ngeen sopp seen Yàlla Aji Sax ji, di topp ay
yoonam, di sàmm ay santaaneem ak dogali
yoonam aki àtteem, ngir ngeen dund te
yokku, seen Yàlla Aji Sax ji barkeel leen ca
réew ma ngeen jëm, ngir nanguji ko.
17 Waaye su ngeen walbatee seen xol,
dégluwuleen, xanaa ngeen lajj, di sujjóotal
yeneen yàlla, di leen jaamu,
18 ma wax leen ko bés niki tey, su
boobaa yeenay sànkoo sànku, te dungeen
gudd fan ca réew ma ngeen di jàll dexu
Yurdan, jëm fa, ngir nanguji ko.
19 Woo naa seede asamaan ak suuf ci
yeen, bésub tey: dund ak dee laa teg fi seen
kanam, ak barke ak alkànde. Tànnleen
dund, ndax ngeen dund, yeen ak seen
askan.
20 Soppleen seen Yàlla Aji Sax ji, déggal
ko te taq ci moom, ndax moom mooy
seenug dund, di seen gudd-gi-fan ca réew
ma mu giñaloon seeni maam Ibraayma ak
Isaaxa ak Yanqóoba, ne ñoom la koy jox.

## Musaa tàggoo na

# 31

*(Saar 31—34)*
1 Gannaaw loolu Musaa dellu na àddu
kàddu yii, wax ak bànni Israayil gépp.
2 Mu ne leen: «Maa ngi ci sama téeméeri
at ak ñaar fukk, tey. Manatumaa jiite, te it
Aji Sax ji moo ma wax ne ma: “Doo jàll
dexu Yurdan gii.”
3 Seen Yàlla Aji Sax ji ci boppam moo
leen di jiite jàll. Mooy bóom xeet yooyu fi
seen kanam, ngeen nangu seenum réew.
Yosuwe moo leen di jiite jàll, na ko Aji Sax
ji waxe woon.
4 Aji Sax ji moo leen di def, na mu
defoon Sixon ak Og, buuri Amoreen ña, ak
seenum réew, bóom leen.
5 Aji Sax jee leen di joxe fi seen kanam,
ngeen def leen mboolem li ma leen
santoon.
6 Dëgërluleen nag te am fit. Buleen tiit,
buleen yox-yoxi ndax ñoom, ngir seen
Yàlla Aji Sax ji mooy ànd ak yeen. Du leen
ba, du leen wacc mukk.»
7 Ba loolu amee Musaa woolu Yosuwe,
wax ak moom, Israayil gépp teg ci seen
bët. Mu ne ko: «Dëgërlul te am fit, ndax
yaw yaay ànd ak mbooloo mii ca réew ma
Aji Sax ji giñaloon seeni maam, ne ñoom la
koy jox. Yaw it, yaa leen koy sédde.
8 Aji Sax ji nag mooy dox, jiitu la. Moom
mooy nekk ak yaw. Du la ba, du la wacc
mukk. Bul tiit, bul yoqi.»
9 Musaa moo bind kàddug yoon wii, dénk
ko doomi Lewi yu góor, sarxalkat yay
gàddu gaalu kóllërey Aji Sax ji, ñook magi
Israayil ñépp.
10 Musaa sant leen, ne leen: «Njeexital
juróom ñaareelu at mu nekk, àppook atum
njéggalug bor, ci diiru màggalu Mbaar yi,
11 bu Israayil gépp teewsee fa seen
kanam Yàlla Aji Sax ji, fa béreb ba muy
tànni, nangeen jàng kàdduy yoon wii fi
kanam Israayil gépp, ñuy dégg.
12 Dangeen di dajale mbooloo mi, góor
ñi ak jigéen ñi ak tuut-tànk yi, ba ci
doxandéem bu nekk ci seen biir dëkk,
ndax ñu déglu, ba tàggatu ci ragal seen Yàlla
Aji Sax ji, di sàmmoo jëfe mboolem kàdduy
yoon wii.
13 Su ko defee seen doom yi xamul
dinañu ci dégg, ba tàggatu ci ragal seen
Yàlla Aji Sax ji, mboolem fan ya ngeen di
dund ca réew ma ngeen jàll dexu Yurdan,
jëm fa, ngir nanguji ko.»
14 Ba loolu wéyee Aji Sax ji ne Musaa:
«Ma ne, sa bésub dee ngi jegesi. Wool
Yosuwe, te ngeen teewsi fi xaymab ndaje
mi, ma yeb ko.» Musaa dem, ànd ak
Yosuwe, ñu teewi fa xaymab ndaje ma.
15 Aji Sax ji nag feeñ ca xayma ba, ci biir
taxaaru niir, taxaaru niir wa taxaw fa
bunt xayma ba.
16 Aji Sax ji ne Musaa: «Yaa ngi nii di
tëddi fa say maam. Mbooloo mii nag
dinañu tàmbalee mel ni ñuy gànctu*, di topp
yeneen yàllay doxandéem yu waa réew ma
ñu jëm ca seen biir. Dinañu ma wacc, fecci
sama kóllëre gi ma fasoon ak ñoom,

* **31.16** ***gànctu*** misaal lay doon, mbete jigéen ju njaaloo, di fecci kóllëre gi mu am ak jëkkëram. Noona la bànni Israayil di defi, ci seen bokkaale, di fecci seen kóllëre ak Aji Sax ji.

17 te sama sànj dina tàkk ci seen kaw
bésub keroog. Maa leen di wacc, làq leen
sama kanam, te kon yeneen xeet yi dinañu
leen sëxëtoo. Musiba yu bare aki njàqare
dina leen dikkal. Bésub keroog ñoo naan:
"Xanaa sunu Yàllaa nekkul ci sunu biir
kay, ba tax musiba yii dikkal nu!"
18 Man nag maa leen di làq a làq sama
kanam, bésub keroog ndax mboolem
mbon gi ñu def, ndax ñoo walbatiku ci
yeneen yàlla.
19 Léegi nag bindleen woy wii ma leen di
dégtal, te yaw Musaa nga jàngal ko bànni
Israayil. Woyloo leen ko, ndax woy wii di
sama seede ak bànni Israayil.
20 Maa leen di yóbbu déy ca réew ma ma
giñaloon seeni maam, fa meew maak lem
ja tuuroo, ñu lekk ba regg, yaflu, daldi
walbatiku ci yeneen yàlla, di leen jaamu,
xarab ma, fecci sama kóllëreek ñoom.
21 Su ko defee bu leen musiba yu bare
dikkalee aki njàqare, woy wii mooy biral
kàddug seede fi seen kanam, ndax su
boobaa xel du ko faay, ba mu réer seenu
askan. Ndax kat xam naa seen mébét mi
ñuy rabat, te yóbbooguma leen sax ca réew
ma ma leen giñaloon.»
22 Ba loolu amee Musaa bind woy
woowu bésub keroog, daldi koy jàngal
bànni Israayil.

23 Aji Sax ji nag yeb Yosuwe doomu
Nuun ne ko: «Dëgërlul te am fit, ndax yaw
yaay yóbbu bànni Israayil ca réew ma ma
giñoon, te man ci sama bopp maay nekk ak
yaw.»
24 Ba Musaa bindee kàdduy yoon woowu
cib téere ba mu mat,
25 dafa yeb Leween ñiy gàddu gaal gi
àlluway kóllërey Aji Sax ji dence, ne leen:
26 «Jëlleen téereb yoon wii, ngeen teg ko
ci seen wetu gaalu kóllërey Yàlla Aji Sax ji,
mu doon fa ab seede, ngir àtte leen.
27 Ndax maa xam seen jikkoy fippu, ak
seenug dëgër bopp. Seetleen, ndegam bi
may dundagum tey ci seen biir ngeen di
fippu ci kaw Aji Sax ji, astamaak gannaaw
bu ma deewee.
28 Woolleen ma seen magi giir yépp ak
seeni kàngam, ma wax kàddu yii, ñuy dégg,
ba ma seedeloo asamaan ak suuf, ci seen
kaw, ñoom.
29 Xam naa ne gannaaw bu ma deewee,
dingeen def a def ag yàqute, dingeen teggi
yoon wi ma leen jaarloo woon, te musibaa
leen di mujj dikkal, ndax yeenay def jëf ju
bon ju Aji Sax ji ñaawlu, ba merloo ko ndax
seeni jëf.»
30 Ba mu ko defee Musaa jàng kàdduy
woy wii ba mu mat, ndajem Israayil ma
mépp di dégg.

# 32

## *Musaa woy na kóllëreg Aji Sax ji*

1 Yeen asamaan, teewluleen, ma wax;
yaw suuf, déglul sama kàddu yii.
2 Na samam njàngale sóob nib taw,
samay kàddu rogalaat nib lay,
ba tuurul am ñax,
baawaanal gàncax.
3 Turu Aji Sax ji déy laay tudd,
seedeleen sunu màggaayu Yàlla.

4 Kee di cëslaay, te mati jëf,
wépp yoonam di njub.
Yàlla ju am kóllëre, mucc njubadi,
di àtte dëgg tey jub.
5 Njabootam ñoo defug yàqute ci kawam,
ba dootuñuy doomam ndax seeni sikk.
Ndaw maas gu dëng te njublaŋ!
6 Aji Sax ji lañuy feye lii?
Ndaw xeet wu dofe te ñàkk xel!
Mooy seen baay, moo leen bind,
sàkk leen, samp leen.

7 Fàttalikuleen jant ya njëkkoon,
baleen xel maasi maas ya woon.
Laajleen seeni baay, ñu xamal leen;
ak seen mag ñi, ñu wax leen.
8 Ba Aji Kawe ji séddee xeet yi seeni suuf,
tasaare doom aadama yi ci àddina,
moo àppal xeet yi seen kemi réew,
na mu dëppook limeefu goney* Yàlla yi.
9 Céru Aji Sax ji moo di ñoñam,
te ñooñu, askanu Yanqóoba, di wàllam.
10 Moo leen fekk réewum màndiŋ,
fu ne wëyëŋ, ubaleeki sab,
mu feg leen, toppatoo leen, sàmm leen,
ni bu ñu doon peru bëtu boppam.

* 32.8 Mooy ndaw yi bokk ci péncum Yàlla ci dëndi asamaan.

11 Moo mel ni jaxaay juy naawtal am tostanam,
daayaarlu, di wër, tiim leen,
tàllali laafam, aw leen,
teg ciw dunqam, boot leen.
12 Aji Sax ji doŋŋ a leen wommat,
du yàllay jàmbur ju ko ci fekk.
13 Moo leen waral kawtey réew ma,
ñuy xéewloo meññeefum àll bi,
mu di leen nàmpale lem ju walew doj,
ak diw gu balle xeer wu ne sereŋ,
14 boole ca soowum nag ak meewum xar,
nebbonu xar, kuuyi diiwaanu Basan aki sikket,
teg ca ngëneeli pepp,
may leen biiñu reseñ ju xonq curr, ngeen naan.

15 Yeen Yesurun†, yeena yaflu, waŋŋeetu,
solu yaram, ne faaj, ne fuux,
fàtte Yàlla mi leen sàkk,
faaleedi seen cëslaay li leen musal.
16 Ñoo yee fiiraangeem, ndax ay yàllay doxandéem,
ñoo ko merloo ak seen tuur yu jomblu.
17 Ñoo sarxalal ay rab yu dul Yàlla;
ay yàlla yu ñu masula xam,
yu bees yu doora xew,
yu seeni maam ràññeewuloon.
18 Cëslaay li leen meññ ngeen foñ,
Yàlla ji leen jur ngeen fàtte.

19 Aji Sax jee gis loolu, gedd,
ndax mere doomam yooyu, góor ak jigéen.
20 Mu ne: «Maa leen di xañ sama kanam,
ba gis nu ñuy mujje,
ndax maasug defkati njekkar lañu,
doom yu ñàkk kóllëre.
21 Ñoo ma fiirloo ak yàlla yu dul tus,
merloo maak seen tuuri neen,
man it maa leen di fiireloo xeet wu tekkiwul dara,
ci waasow naataxóona laa leen di merloo.
22 Sawaraa ngay tàkke ca sama sànj,
di lakke ba ca xóotey njaniiw,
ba xoyom suuf ak meññeefam,
ba jafal reeni tund ya.
23 Maay jal ci seen kaw ay musiba,
maa leen di soqil, ba jeexal samay fitt.
24 Ñooy loof cib xiif, jeex tàkk ndaxi jàngoro,
ak mbas yu metti.
Ay selli rabi àll laay yebal ci seen kaw,
boole ca daŋaru ndox-suuf.
25 Fa biti la leen saamar di xañey doom,
biir néeg ya, tiitaange juy reye feelu ko,
buubaale waxambaane akub janq;
luy nàmp ak boroom bijjaaw.

26 «Maa noon maa leen di bóom,
ba far dakkal lu leen nit doon fàttalikoo.
27 Waaye reetaani noon laa ci ragal,
lu ko moy seeni bañ juume ko,
ba naan: “Sunu njàmbaar a!”
te waroon ne: “Aji Sax jee def lii lépp!”»

28 Wii xeet wu gàtt xel
te ñàkk xam-xam!
29 Su ñu muusoon, xalaat ci lii,
ba xam nu ñuy mujje.
30 Ana nu kenn di dàqe seen junni,
ñaar di fëxal seen fukki junni,
te Aji Sax ji waccu leen,
ka ñu yaakaar, laa ne, jaayu leen?
31 Yaakaaru noon yi de melul ni sunu yaakaar,
te loolu la noon ya àtte.
32 Seen reseñ a nga cosaanoo Sodom
ak tóokëri Gomor,
doom ya di tooke, cëgg ya wex xàtt!
33 Seen biiñ daŋaru ninki-nanka la,
ak tookey ñàngóor bu aay.
34 «Xanaa du loolu laa làq fi sama wet,
ne ko ràpp fi samay denc?
35 Maay kiy feye, di añale,
te bu jotee ñu fakkastalu,
ndax seen bésub toskaree dëgmal,
dogal ba buur, wutsi leen!»
36 Aji Sax jeey dëggal ñoñam,
mooy ñeewante ay jaamam,
bu gisee doole dëddu,
ba kenn desul, dub jaam, dus gor.
37 Su boobaa da naan: «Ana seen yàlla ya,
seen kiirlaay lañu daa làqoo?
38 Ñi lekk seen nebboni sarax,
naan biiñ bi ñu leen di tuural kay,
nañu jóg, boog, xettali leen, di seen kiiraay!
39 Kon gisleen ne man la, man doŋŋ,
kenn du Yàlla ku dul man!
Man maay rey, di dundal;

† **32.15** ***Yesurun:*** tur wii ak Yanqóoba itam dees na ko woowe Israayil.

di gaañe, di wéral;
maay jàpp, te kenn du xettali.
40 Maay yékkati sama loxo jëme asamaan,
giñ ne: “Ndegam maay dund ba fàww,
41 bu ma daasee sama saamar buy melax,
ba ŋàbb ko ci saab loxo, di àtte,
maay fey samay digaale,
añale samay bañ.
42 Maay nàndal samay fitt deret,
sama saamar di yàppe,
deret di nàcce ci ku ñu jam, ak ku ñu jàpp,
tey tuuroo ci boppi kilifay noon yi.”»
43 Yeen, xeet yi, tàcculeen ñoñam,
deretu jaamam ñi lay feyul,
pey gu muy fey ay bañam,
ba jot suufam ak ñoñam.

### *Déggal Aji Sax ji, dund*

44 Noonu la Musaa dikke, mook Yosuwe
doomu Nuun, ba jaar ci mboolem kàdduy
woy wii, mbooloo mi di dégg.
45 Gannaaw ba Musaa noppee ci jottali
Israayil gépp mboolem kàddu yooyu,
46 da ne leen: «Defleen seen xel ci
mboolem kàddu yi ma leen di artoo man,
bésub tey, te ngeen sant seeni doom ñu
sàmmoo jëfe mboolem kàdduy yoon wii.
47 Ndax kat du kàddug neen ci yeen.
Mooy seenug dund! Ci gii kàddu ngeen di
gudde fan, ca réew ma ngeen di jàll dexu
Yurdan jëm fa, ngir nanguji ko.»

### *Aji Sax ji woo na Musaa*

48 Ci kaw loolu Aji Sax ji wax Musaa
bésub keroog boobee, ne ko:
49 «Doxal yéegi ca tundi Abarim gii, nga
jàll ba ca tundu Nebo ca diiwaanu
Mowabeen ba janook Yeriko. Nga séentu
nag réewum Kanaan mi may jox bànni
Israayil, ñu jagoo.
50 Boo noppee, dinga faatu ca kaw tund
woowu nga yéeg jëm, ba nga fekki say
bokk, noonee sa mag Aaróona deewe
woon ca kaw tundu Or, ba mu fekki ay
bokkam.
51 Li ko waral mooy yeena ma fecci
worma ci digg bànni Israayil, ca ndoxi
Meriba Kades, ca màndiŋu Ciin, ndax
yeena wormaalul sama sellaay ci digg
bànni Israayil.
52 Kon nag ci biti ngay séentoo réew ma,
waaye foofa, doo fa dem. Doo dugg ca
réew ma may jox bànni Israayil.»

# 33

### *Musaa ñaanal na bànni Israayil*

1 Ñaan gii nag la Musaa, góoru Yàlla ga
ñaanaloon bànni Israayil, bala moo nelaw.
2 Da ne:
«Aji Sax ji Sinayi la bawoo,
fenkale leen fa Seyir,
naajali leen fa tundu Paran,
ànd ak ndiiraani ñu sell ña,
ndijooram ba indil leen melax.
3 Yaw kay yaa sopp xeet yi,
sa ñu sell ñépp nga téyee say loxo,
te ñoo topp say tànk,
di taataan say tegtal.
4 Aw yoon la nu Musaa dénk,
muy jagleb péncum Yanqóoba.
5 Yesurun* am na buur,
kera ba njiiti askan wa dajee,
ba giiri Israayil bokk teew.

6 «Yal na Ruben dund, baña raaf,
yàlla buy nitam néew.»

7 Lii nag moo ñeel Yuda. Mu ne:
«Éy Aji Sax ji déggal yuuxi Yuda
te yóbbu ko ciy bokkam.
Mooy jànkoontee dooley boppam,
waaye yaa koy wallu ciy noonam.»

8 Lewi la wax ne ko:
«Sa Tumim ak sa Urim, jumtukaayi tegtal
ya,
ñeel na góor gay sa wóllëre,
yaa ko nattoo ca Maasa,
joteek moom ca ndoxum Meriba.
9 Kee ne ndey ak baay:
“Gisuma leen,”
ay doomi ndeyam, ràññeewu leen,
te doomam, xamu ko.
Xanaa di sàmm say wax,
di sàmm sa kóllëre.
10 Leween ñeey xamal askanu Yanqóoba
say àtte,
di won Israayil gii saw yoon.
Ñooy taal cuuraay fi sa kanam,
di teg saraxi dóomal ci sab sarxalukaay.

* **33.5** ***Yesurun:*** tur wii ak Yanqóoba itam dees na ko woowe Israayil.

11 Éy Aji Sax ji barkeelal dooley gii giir,
te bége aw ñaqam.
Dammal ndiggal ña koy jógal,
ba ay bañam duñu jógati.»

12 Beñamin la wax, ne ko:
«Soppeb Aji Sax jaa ngi,
keey dëkke xel mu dal fi wetam,
mu di ko yiir bésoo bés,
te diggantey waggam la dëkke.»

13 Yuusufa la wax, ne ko:
«Yal na barkeb Aji Sax ji ñeel suufam,
bawoo ca xéewali asamaan, dib lay,
ak ndox mu lal xóotey suuf,
14 ak xéewali meññeef mu jant ñoral,
ak tànnéefi gàncax yiy sax ci weeram.
15 Na barke bawoo fa kawtey tundi cosaan yu mag ya,
ak xéewali tundi cosaan yu ndaw ya,
16 ak xéewali suuf ak la ko fees,
ànd ak yiwu ka màkkaanoo ngarab sa doon tàkk,
te wàccandoo ci kaw boppu Yuusufa,
ak kaaŋi bokkam yay séddooy Aji Sax ji.
17 Taawub yëkk la, daraja mooy boroom,
béjjén ya, béjjéni nagu àll la,
ca lay butteendoo xeet yépp,
ba ca cati àddina.
Ñooñooy junniy junniy nit ca giirug Efrayim,
ak junni ca giirug Manase.»

18 Sabulon la wax ne ko:
«Yaw Sabulon, bégeel say génn ci ittey jula.
Isaakar yaw, bégeel sa biir xayma.
19 Xeet yi la ñooñu di woo ca tund wa,
te fa lañuy sarxee sarax yi war,
koomu géej, ca lañuy nàmpe,
booleek kumpay mbell yu làqu biir suuf.»

20 Gàdd la wax ne ko:
«Barke ñeel na ku yaatal Gàdd.
Ni gaynde la goore,
te mooy xotat përëg akum kaaŋ.
21 Moo xool cér ba njëkka lew, jagoo ko,
nde fa la wàllu njiit di xaar boroom.
Moo fekksi njiiti askan wi,
moo doxal yoonu Aji Sax ji
aki dogalam fi Israayil.»

22 Dan la wax ne ko:
«Dan gaynde gu mat la,
mooy tëbe fa diiwaanu Basan.»

23 Neftali la wax ne ko:
«Neftalee ne xéew aku yiw,
fees ak barkey Aji Sax ji,
te sowu ba bëj-saalum lay nangu.»

24 Aser la wax ne ko:
«Yal na Aser gëna barkeel ci doom yi,
ay bokkam baaxe ko,
tànk yay xuuse ag diw.
25 Weñ ak xànjar la say xomb di doon,
sa kàttan ànd ak saw fan.

26 «Kenn du Yàllay Yesurun!
Keey war asamaan, wallusi leen,
war ay niir, ànd ak darajaam.
27 Yàlla ji sax fàww moo dib rawtu,
përëgam bi sax dàkk di cëslaay,
moo la dàqal ab noon
ne la: “Jekkalil!”
28 Israayil a ngi dëkke xel mu dal,
walu Yanqóoba mee fegu,
di wale réewum pepp ak biiñ bu bees,
asamaan it di ko wàcceel ab layam.
29 Ndokkalee Israayil, ana ku mel ni yeen,
askan wu Aji Sax jiy wallu,
di seen kiiraay, di seen ndimbal,
di saamar bi leen di sagal?
Seeni noon ay lox ci seen kanam,
te yeen, fa seen kawte ya ngeen di daagoo.»

# 34

## *Musaa wuyuji na*

1 Ba loolu amee Musaa bàyyikoo jooru
Mowab, yéegi tundu Nebo, ba ca collu
tundu Pisga wa jàkkaarlook Yeriko. Aji Sax
ji nag won ko mboolem réew ma,
diiwaanu Galàdd ba diiwaanu Dan,
2 mboolem diiwaanu Neftali, ak
diiwaanu Efrayim ak Manase, mboolem
diiwaanu Yuda, ba ca géej ga ca sowu,
3 ak wetu bëj-saalum, ak xuru Yeriko,
dëkkub tàndarma ya, ba ca Cowar.
4 Aji Sax ji ne ko: «Réew mii laa giñaloon
Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, ne leen
seen askan laa koy jox. Won naa la ko, ba
nga teg ci sa bët, waaye foofa, doo fa teg sa
tànk.»

5 Musaa, jaamub Aji Sax ji nag foofa la
faatoo ca réewum Mowab, na ko Aji Sax ji
tudde.
6 Mu rob ko ca xur wa ca réewum
Mowab, fa janook Bet Pewor. Kenn xamul
nag fu bàmmeelam nekk ba tey jii.
7 Musaa amoon na téeméeri at ak ñaar
fukk, ba muy faatu, te ay bëtam
naqariwul, dooleem jeexul.
8 Bànni Israayil jooy nañu Musaa ca
jooru Mowab diiru fanweeri fan, fani dëj
ba doora mat.
9 Fekk na Yosuwe doomu Nuun feese xel
mu rafet, ndax Musaa moo tegoon ay
loxoom ci kawam, bànni Israayil nag
déggal ko, di jëfe na ko Aji Sax ji sante
woon Musaa.
10 Ab yonent luqeekootul ci Israayil, mel
ni Musaa ma Aji Sax ji xejjoo woon ba
naan ko jàkk, Musaa ne ko jàkk,
11 ba ca mboolem firnde yaak kéemaan
ya ko Aji Sax ji yebale woon, ngir mu def
ko ca biir réewum Misra, ca Firawna ak
jawriñam ñépp, ak ca biir réewam mépp,
12 ak itam mboolem doole ju màgg ja
Musaa wone, ak jëf ju réy te raglu ja mu
def, bànni Israayil gépp teg ci bët.

# Yosuwe

Gannaaw ba Musaa nelawee, Yosuwe bëkk-néegam la Yàlla tabboon, ngir mu jiite bànni Israayil. Téere bi moo indi ni bànni Israayil nangoo réewum Kanaan ci njiital Yosuwe, ba séddale réew ma diggante seen fukki giir ak ñaar. Réewum Kanaan di suuf si Aji Sax ji digoon seen maam Ibraayma ak askanam.

Aji Sax ji moo dogala faagaagal Kanaaneen ña ngir seeni ñaawtéef. Waaye fekk na mu muñal Kanaaneen ña lu mat ñeenti téeméeri at (400), ngir ñu tuub ba dëpp. Seen yàqutey jikko mujj na jéggi dayo ba amatul woon am paj: ay tuur lañu daan jaamu, di gàncatuloo ay nit ci seen biir këri tuur yi ñu gëmoon ne ñooy tawal, di nangul am njur, te boole ca di rendi seeni doom. Ci tënk:

- Saar 1-12 moo nettali ni Aji Sax ji dimbalee bànni Israayil ba ñu nangu Kanaan, dale ko ca diggu Kanaan, dem ba ca wetu bëj-saalum (10.28-43) ak ca wetu bëj-gànnaar (11.1-15).
- Saar 13-24 moo indi séddaleb réew ma diggante giiri bànni Israayil, ak itam yeesalub kóllëre ga Aji Sax ji fasoon ak ñoom.

*Yàlla yeb na Yosuwe*

1 Gannaaw ba Musaa, jaamub Aji Sax ji
wàccee liggéey, Aji Sax ji moo wax
bëkk-néegu Musaa, Yosuwe doomu Nuun,
ne ko:
2 «Musaa sama jaam wàcc na liggéey.
Jógal nag jàll dex gii di Yurdan, yaak
mbooloo mii mépp, ba ca biir réew ma
may jox bànni Israayil, man.
3 Fépp fu seen tànk joggi, yeen laa ko
may, na ma ko dige woon Musaa.
4 La dale màndiŋ ma ca bëj-saalum, ba ca
tundi Libaŋ ca bëj-gànnaar, daleeti dexu
Efraat gu mag ga ca penku, jaare
mboolem réewu Etteen ña, ba ca géej gu
mag ga ca sowu, lépp seen suuf lay doon.
5 Du kenn kuy taxaw ci sa kanam, sa
giiru dund. Noonee ma nekke woon ak
Musaa, ni laay nekke ak yaw; duma la
seetaan, duma la wacc.
6 «Dëgërlul te am fit, ndax yaw yaay sédd
mbooloo mii réew mi ma giñaloon seeni
maam, ne dinaa leen ko jox.
7 Dëgërlul rekk te am fit bu baax, ngir
fexee jëfe mboolem yoon wi la Musaa
sama jaam ba dénk. Bu ko wàcc fenn; du
ndijoor, du càmmoñ, ndax nga am ndam
fépp foo jëm.
8 Téereb yoon bii, bumu teqalikook sa
làmmiñ, waaye dee ko jàngat guddi ak
bëccëg, ngir di fexee jëfe li ñu ci bind lépp.
Su boobaa la say mébét di sotti, te ci ngay
am ndam.
9 Xanaa du maa la sant ne la, nga dëgërlu
te am fit? Bul tiit, bul ragal. Sa Yàlla Aji Sax
ji laak yaw, fépp foo jëm.»
10 Ba loolu amee Yosuwe sant kilifay
mbooloo ma, ne leen:
11 «Wërleen dal bi te ngeen sant mbooloo
mi ne leen: “Waajalleen aw ñam, ndax fii
ak ñetti fan dingeen jàll dexu Yurdan gii,
ngir nanguji réew ma leen seen Yàlla Aji
Sax ji jox, ngir ngeen nangu ko.”»
12 Rubeneen ña nag ak Gàddeen ñaak
genn-wàllu giirug Manaseen ña, Yosuwe
ne leen:
13 «Fàttalikuleen la leen Musaa jaamub
Aji Sax ji santoon, ne leen seen Yàlla Aji
Sax ji moo leen di noppal, jox leen réew
mii.
14 Seeni jabar ak seeni tuut-tànk ak seeni
jur, nañu bokk des ci suuf si leen Musaa
jox fii ci wàllu dexu Yurdan wii ci penku.
Yeen nag, mboolem yeen xarekat yi,
nangeen gànnaayu jàll dex gi, jiitu seeni
bokk, dimbali leen,
15 ba kera Aji Sax jiy noppal seeni
mbokk ni yeen, ba ñoom itam ñu nangu
réew mi leen seen Yàlla Aji Sax ji jox. Su ko
defee ngeen doora délsi fii ci seen céru
suuf, féetewoo ko, fi leen Musaa jaamub Aji
Sax ji jox, ci penkub dexu Yurdan.»
16 Ñu ne Yosuwe: «Loo nu sant, nu def, te
foo nu yebal, nu dem.
17 Mboolem noonee nu déggale woon
Musaa, ni lanu lay déggale. Yal na sa Yàlla
Aji Sax ji nekk ak yaw rekk, na mu nekke
woon ak Musaa!
18 Képp ku gàntal sa kàddu, baña dégg say
ndigal ci mboolem loo ko sant, kooku,
dees koy rey. Dëgërlul rekk te am fit.»

# 2

## *Ndaw sa ca Yeriko lal na pexe*

1 Ba loolu amee Yosuwe doomu Nuun
moo yebale ca dalub Sitim ñaari yëddukat,
ci kumpa. Mu ne leen: «Demleen
nemmikujil ma réew ma, rawatina dëkkub
Yeriko.» Ñu dem. Ba ñu àggee, kër ab gànc
bu ñuy wax Raxab lañu dugg, daldi fay dal.
2 Ci biir loolu ñu wax boroom Yeriko, ne
ko: «Ay nit ñu bokk ci bànni Israayil de,
ñëw nañu fi guddig tey, di nemmikusi réew
mi.»
3 Boroom Yeriko nag yónnee ca Raxab,
ne ko: «Génneel góor ñi dikk ba ci yaw te
dal sa kër, ndax nemmikusi réew mi mépp
mooy seeni tànk.»
4 Fekk na ndaw sa yóbbu ñaari góor ña, ba
làq leen. Mu ne: «Dëgg la, góor ñi ñëw nañu
ci man, waaye xawma woon waa fan lañu.
5 Ba mu guddee ba ñuy waaja tëj buntu
dëkk bi lañu fi génne, te xawma fu ñu dem.
Toppleen leen gaaw, dingeen leen dab.»
6 Fekk na ndaw sa yéege leen ca kaw
taax ma, ba làq leen ca biir gattaxu lẽe gu
mu fa tegale woon.
7 Ba mu ko defee dag ya dàqi leen, jubal
yoon wa jëm ca jàllukaayu dexu Yurdan.
Naka lañu génn, dàqi gan ña, ñu tëj buntu
dëkk ba seen gannaaw.
8 Gan ña nag, bala ñoo tëdd, ndaw sa yéeg
na, fekk leen ca kaw taax ma.
9 Mu ne leen: «Xam naa ne Aji Sax jee
leen jox réew mi; tiitaange ju nu am ci
yeen moo nu jàpp, te waa réew mépp a ne
yàcc ndax ragal leen.
10 Noo dégg na Aji Sax ji ŋiisale ndoxi
géeju Barax ya fa seen kanam, ba ngeen
génnee Misra, ak itam la ngeen def ñaari
buuri Amoreen ya ca wàllaa dexu Yurdan,
Sixon ak Og, yeena leen faagaagal.
11 Ba nu ko déggee la sunu fit dem, ba
kenn ñemeetu leen, ndax seen Yàlla Aji Sax
ji kat mooy Yàlla fa asamaan ak fi kaw
suuf.
12 Léegi nag giñalleen ma ci Aji Sax ji,
gannaaw ngor laa leen ji, ne yeen itam,
ngor ngeen di jëflanteek sama waa kër
baay, te ngeen jox ma firnde lu wóor luy
dëggal ne
13 dingeen wacce bakkan sama baay ak
sama yaay ak sama doomi ndey yu góor ak
yu jigéen, ak mboolem ñi bokk ci ñoom, te
dingeen nu sàmm ba deesu nu rey.»
14 Góor ña ne ko: «Sunu bakkan lanuy
weccee sa bos, ngir deewal la. Ndegam
siiwaloo sunu pexe mii kay, kera bu nu Aji
Sax ji joxee réew mi, ngor ak worma lanuy
jëflanteek yaw.»

15 Ba loolu amee ndaw sa yoore leen ag
buum, ñu jaare ca palanteeram ba
bokkoon ca tatay dëkk ba; këram ma nga
woon ca biir tata ja, sësook tata ja.
16 Fekk na ndaw sa ne leen: «Tund ya
ngeen di jubal, lu ko moy ñi leen di dàq
dab leen. Làquleen fa ñetti fan, ba ñi leen
di dàq délsi, ngeen doora dem seen yoon.»

17 Góor ña nag artu ndaw sa, ne ko: «Ni
nuy wàccoo ak sa ngiñ lii nu la giñal nag,
nii la:
18 Bu nuy songsi réew mi rekk, mbuum
su xonq a ngii, moom ngay takk ci
palanteer bi nga nu wàccee. Te sa baay ak
sa yaay ak say càmmiñ ak sa waa kër baay
yépp, boole leen indi fi yaw, ci biir kër gi.
19 Su boobaa, képp ku wees sa buntu kër
ba génn ci biti, moo gàddu bakkanu
boppam, waaye nun dara du nu ci topp.
Képp ku bokk ak yaw toog ci biir kër gi
nag, su ko loxo dalee, nun lees di topp
bakkanam.
20 Soo siiwalee sunu pexe mii nag,
wàccoo nañook sa ngiñ li nga nu giñloo.»
21 Ndaw sa ne leen: «Ni ngeen ko waxe
rekk, nay noonu.» Mu yiwi leen, ñu dem,
mu takk mbuum su xonq sa ca palanteer
ba.

22 Ba ñu demee ba àgg ca tund ya, ñetti
fan lañu fa toog, ba ña leen doon dàq délsi
ca dëkk ba. Fekk na ña leen doon dàq seet
ca yoon wa wépp, gisuñu kenn.

23 Ba loolu amee ñaar ña dëpp, wàcce
tund ya, daldi jàll dex ga, dem ba àgg ca
Yosuwe doomu Nuun. Ñu nettali ko
mboolem la ñu daj.
24 Ñu ne Yosuwe: «Aji Sax ji kay teg na
réew mi mépp ci sunuy loxo, te waa réew
mépp a nga ne yàcc, ndax ragal nu.»

# 3

## *Bànni Israayil jàll nañu dexu Yurdan*

1 Ca ëllëg sa Yosuwe teela xëy, mook
bànni Israayil gépp, ñu bàyyikoo Sitim, ba
ca tàkkal dexu Yurdan. Fa lañu dal bala
ñoo jàll.
2 Ñu teg ca ñetti fan, kilifay mbooloo ma
wër dal ba,
3 daldi sant mbooloo ma, ne leen: «Bu
ngeen gisee gaal gi yeb seen àlluway
kóllëreg Yàlla Aji Sax ji, sarxalkat yiy
Leween ñi gàddu ko rekk, jógeleen seen
béreb te dox topp ca.
4 Waaye buleen jege gaal gi. Na diggante
bu wara tollook ñaari junniy xasab dox
seen digg ak moom. Su ko defee ngeen
xam yoon wi ngeen di jaare, ndax
masuleena jaare wii yoon.»
5 Ci biir loolu Yosuwe ne mbooloo ma:
«Sanguleen-set, ndax ëllëg Aji Sax ji dina def
ay kéemaan ci seen biir.»
6 Yosuwe teg ca ne sarxalkat ya:
«Gàdduleen gaalu kóllëre gi te ngeen jàll
jiitu mbooloo mi.» Ñu gàddu gaalu kóllëre
ga, dox jiitu mbooloo ma.
7 Aji Sax ji ne Yosuwe: «Bésub tey jii laa
lay tàmbalee sargal, bànni Israayil gépp teg
ci seen bët, ba ñu xam ne, na ma nekke
woon ak Musaa ni laay nekke ak yaw.
8 Yaw nag santal sarxalkat yiy gàddu
gaalu kóllëre gi, ne leen: “Bu ngeen demee
ba ca catal ndoxum Yurdan, ba dugg tuuti
ca biir dexu Yurdan, nangeen taxaw.”»
9 Yosuwe daldi wax bànni Israayil ne
leen: «Dikkleen fii te déglu seen kàdduy Yàlla
Aji Sax ji.»
10 Yosuwe ne leen: «Dingeen xam nag ne
Yàlla juy dund a ngi ci seen biir, te moo
leen di dàqal a dàqal Kanaaneen ñi ak
Etteen ñi ak Eween ñi ak Periseen ñi ak
Girgaseen ñi ak Amoreen ñi ak Yebuseen
ñi, te nii ngeen koy xame:
11 gaalu kóllërey Boroom àddina wërngal
këpp mu ngii di jàll jiitu leen ci biir dexu
Yurdan.
12 Léegi nag dangeen di tànne ci giiri
bànni Israayil fukki góor ak ñaar; giir gu
nekk genn góor.
13 Su ko defee sarxalkat yiy gàddu gaalu
Aji Sax ji Boroom àddina wërngal këpp,
nañu dikk, te bu seeni tànk di tege ci
ndoxum Yurdan rekk, walu ndox may
wàcce ca kaw mooy dog, def bennub jal,
taxaw.»
14 Ba loolu wéyee mbooloo ma génne ca
seeni xayma, ngir jàlli dexu Yurdan,
sarxalkat yay gàddu gaalu kóllëre ga jiitu
mbooloo ma.
15 Booba jamonoy ngóob la woon,
yemook ba dexu Yurdan feesee, ba wale
ca tàkk gépp. Naka la gàddukati gaal ga àgg
ca dexu Yurdan ga, ba seeni tànk tàbbi ca
ndoxum tàkk ga rekk,
16 walu ndox ma wàcce ca kaw ne degg,
def benn jal bu sore ca dëkk ba ñu naa
Aadama, te làng ak dëkk ba ñu naa Cartan.
Ndox may wàcc jëm géeju Araba,
maanaam géeju Xorom ga nag dagg, daldi
wal ba jeex tàkk. Ba loolu amee mbooloo
ma jàll, janook Yeriko.
17 Ci kaw suuf su wow la sarxalkat ya
gàddu gaalu kóllëre ga taxaw jonn, ca digg
dex ga, fekk bànni Israayil gépp a ngi jàll ci
kaw suuf su wow, ba xeet wépp dox jàll
dexu Yurdan ba noppi.

# 4

## *Li waral fukki doj ya ak ñaar*

1 Ba xeet wépp jàllee dexu Yurdan ba
noppi, Aji Sax ji dafa wax Yosuwe ne ko:
2 «Tànnleen ci mbooloo mi fukki góor ak
ñaar, giir gu nekk genn góor.
3 Nga sant leen ne leen: “Dangeen di
fore fi tànki sarxalkat yi taxaw jonn ci digg
dexu Yurdan gi, fukki doj ak ñaar, te ngeen
yóbbaale doj yi, tegi leen ca dal ba ngeen di
fanaani guddig tey.”»
4 Ci kaw loolu Yosuwe woo fukki góor ak
ñaar ñu mu tabbe ci bànni Israayil, giir gu
ne genn góor.
5 Yosuwe ne leen: «Doxleen ba ca seen
kanam gaalu Yàlla Aji Sax ji, ca digg
Yurdan, te ku nekk ci yeen yékkatee fa
wenn doj, teg ci mbaggam, ba limu doj yi
dëppook limu giiri Israayil.
6 Su ko defee loolu di firnde ci seen biir,
ba ëllëg bu leen seeni doom laajee lu doj
yii di wund ci yeen,
7 ngeen wax leen ne leen: “Walu ndoxu
Yurdan maa dogoon fa kanam gaalu
kóllërey Aji Sax ji. Ba gaal gay jàll dexu

Yurdan, ca la walum ndoxu Yurdan dog.
Doj yii la bànni Israayil di fàttalikoo loola
ba fàww.”»
8 Bànni Israayil nag def la leen Yosuwe
sant, daldi fore ca digg Yurdan fukki doj
ak ñaar, mu dëppook limu giiri bànni
Israayil, noonee ko Aji Sax ji sante woon
Yosuwe. Ñu yóbbaale doj ya ca dal ba ñuy
fanaan, teg leen foofa.

9 Fukki doj ak ñaar itam la Yosuwe samp
ca digg Yurdan, fa tànki sarxalkat ya gàddu
woon gaalu kóllëre ga tege woon, ba ñu fa
taxawee, te doj yaa nga foofa ba tey jii.

10 Benn béreb ca diggu Yurdan la
sarxalkat ya gàddu woon gaal ga taxaw, ba
la Aji Sax ji santoon Yosuwe, ngir mu wax
ko mbooloo ma, noonee ko Musaa sante
woon Yosuwe, lépp sotti. Mbooloo ma nag
gaawtu jàll dex ga.
11 Ba mbooloo ma mépp jàllee ba noppi,
ca la gaalu Aji Sax ji ak sarxalkat ya ko
gàddu doora ànd, dellu ca kanam mbooloo
ma.
12 Rubeneen ñi ak Gàddeen ñi ak
genn-wàllu giirug Manaseen ñi ñoo
gànnaayu, jàll jiitu bànni Israayil ga ca des,
noonee leen ko Musaa waxe woon.
13 Ñu wara tollu ci ñeent fukki junniy nit
(40 000) ñu gànnaayu ñoo jàll fa kanam Aji
Sax ji, ngir xareji ca joori Yeriko.

14 Bésub keroog Aji Sax ji màggal na
Yosuwe, bànni Israayil gépp teg ca seen
bët, ba ñu wormaal ko giiru dundam,
noonee ñu wormaale woon Musaa.
15 Aji Sax ji da noon Yosuwe:
16 «Santal sarxalkat yiy gàddu gaalu
seede si, ne leen ñu génn dexu Yurdan.»
17 Yosuwe sant sarxalkat ya, ne leen ñu
génn dex ga.
18 Naka la sarxalkat ya gàddu gaalu
kóllërey Aji Sax ji jóge ca digg Yurdan, génn
ba seen tànk tege ca tàkk ga rekk, walu
ndoxum Yurdan ma dellu ca yoonam, di
wal, feesaat ca tàkkam yépp na woon démb
ak bërki-démb.

19 Fukki fanu weer wu njëkk la mbooloo
ma génn dexu Yurdan. Ci kaw loolu ñu dal
dëkk ba ñuy wax Gilgal, ca catal penkub
Yeriko.
20 Fukki doj ak ñaar yooyu ñu jële woon
dexu Yurdan nag, Yosuwe moo leen samp
fa Gilgal.
21 Mu dénk bànni Israayil ne leen: «Bu
ëllëgee bu leen seeni doom laajee li doj yii
di wund,
22 ngeen xamal seeni doom, ne leen:
“Suuf su wow koŋŋ la bànni Israayil jaare,
jàll Yurdan gii.
23 Ndax kat seen Yàlla Aji Sax ji moo
ŋiisal dexu Yurdan ci seen kanam, ba
ngeen jàll, te noonee la seen Yàlla Aji Sax ji
defoon géeju Barax ya, ŋiisal ko ca sunu
kanam, ba nu jàll.
24 Moo ko def ngir xeeti àddina yépp xam
ne Aji Sax ji mooy boroom doole, ngir
yeen it ngeen ragal seen Yàlla Aji Sax ji ba
fàww.”»

# 5

*Aji Sax ji joxe na ndigalu xaraf*

1 Gannaaw gi, mboolem buuri Amoreen
ya féete ca wàllaa dexu Yurdan wa ca
sowu, dañoo dégg, ñook mboolem buuri
Kanaaneen ya ca wetu géej ga, ni Aji Sax ji
ŋiisale ndoxum Yurdan fi kanam bànni
Israayil, ba ñu jàll. Tiitaange nag jàpp leen
ba seen fit rëcc ndax bànni Israayil.
2 Jant yooyu la Aji Sax ji wax Yosuwe ne
ko: «Yattlul ay paakay xeer te nga
jubluwaat, muy ñaareel bi yoon, ci xarafal
maasu bànni Israayil gu góor gii
xarafuloon.»
3 Yosuwe yattlu ay paakay xeer, daldi
xarafal bànni Israayil yu góor, ca tundu
Aralot (muy firi tundu Mbuñuka ya).
4 Lii nag moo waral Yosuwe xarafal
leen: Mboolem ña jóge woon Misra, te diy
góor, mboolem ña xare waroon, ñoom ñépp
a dee ca màndiŋ ma, ca yoon wa, gannaaw
ba ñu jógee Misra.
5 Mboolem ña jóge woon Misra,
xarafoon nañu. Waaye mboolem ña
juddoo ca màndiŋ ma, ca yoon wa,
gannaaw ba ñu fa génnee, ñooñu ñoo
xarafagul woon.
6 Ndaxte ñeent fukki at la bànni Israayil
wëndeelu ca màndiŋ ma, ba mboolem ña
xare waroon, ba ñuy génn Misra, ñépp dee
ba jeex tàkk, ngir seen ñàkka déggal Aji Sax

ji. Ñoom la Aji Sax ji giñaloon ne du leen won réew mi mu giñaloon seeni maam, ne dina nu ko jox, réew mu meew maak lem ja tuuroo.
7 Seen doom ya mu def seen kuutaay nag, ñoom la Yosuwe xarafal, ndax ñoo xaraful woon, gannaaw xarafaleesu leen woon ca yoon wa.
8 Gannaaw ba ñay xaraf ñépp xarafee ba noppi, foofa ca dal ba la bànni Israayil toog, ba ñu wér.
9 Ba loolu amee Aji Sax ji ne Yosuwe: «Bésub tey, maa taxañ gàcceg Misra, teggil leen ko.» Ca la turu béreb boobu di Gilgal (muy firi Taxañ), ba tey jii.

### *Bànni Israayil baaxantal nañu bésub Mucc ca Kanaan*

10 Ca Gilgal la bànni Israayil dal, baaxantale fa bésub Mucc ba, ca fukki fani weer waak ñeent ca ngoon, foofa ca joori Yeriko.
11 Ca ëllëg sa, gannaaw ba ñu baaxantalee bésub Mucc ba, bésub keroog booba, ca meññeefum réew ma lañu lekk, te muy mburu mu amul lawiir ak mbool.
12 Mànn ma nag ma nga dakke ca ba ñu lekkee ca meññeefum réew ma, bésub keroog ca ëllëg sa, gannaaw bésub Mucc ba. Fa la bànni Israayil doxe amatuñu mànn. At mooma, la ñore suufas Kanaan lañu dunde.

### *Njiitu gàngooru Aji Sax ji dikk na*

13 Yosuwe moo tollu woon fu jege Yeriko. Mu dawal bëtam, séenul lu moy jenn waay ju taxaw ci kanamam, ŋàbb saamar bu génn mbaram. Yosuwe dox ba ca moom, ne ko: «Yaw, nun nga àndal, am sunuy noon?»
14 Waa ja ne ko: «Déedéet. Maa di njiitu gàngooru Aji Sax ji. Léegi dikk naa.» Yosuwe ne gurub, dëpp jëëm fa suuf, sujjóot, ne ko: «Sang bi, ana looy sant sab surga?»
15 Njiitu gàngooru Aji Sax ji ne Yosuwe: «Summil say dàll*, ndax béreb bi nga taxaw, fu sell la.» Yosuwe summi ay dàllam.

# 6

### *Nangu nañu Yeriko*

1 Dëkkub Yeriko ba dafa mujj tëje ràpp ndax bànni Israayil, kenn génnul, kenn duggul.
2 Aji Sax ji nag ne Yosuwe: «Xoolal, maa teg Yeriko ci sa loxo, mook buuram ak jàmbaari xareem.
3 Doxleen wër dëkk bi, yeen góor ñi xare war ñépp. Dangeen di dox wër dëkk bi benn yoon, ba mu daj, te noonu ngeen koy jàppoo diiru jullóom benni fan,
4 te ngeen ànd ceek juróom ñaari sarxalkat yu dox jiitu gaal gi, ku ci nekk ŋàbb ab bufta*. Bésub juróom ñaareel ba nag, juróom ñaari yoon ngeen di dox, wër dëkk bi, sarxalkat yi ànd ak yeen, di walaale bufta yi.
5 Bu ñu walee bufta yi, bu ngeen di dégg bufta bi rekk, na mbooloo mépp yuuxoondoo yuux gu réy. Tatay dëkk bi day daldi jóoru fi suuf. Su ko defee mbooloo mi sàqi, ku nekk jubal kanamam.»
6 Ci kaw loolu Yosuwe doomu Nuun woo sarxalkat yi, ne leen: «Jëlleen gaalu kóllëre gi, te na juróom ñaari sarxalkat ŋàbb juróom ñaari bufta, ku nekk benn, ñu jiitu gaalu Aji Sax ji.»
7 Mu teg ca ne mbooloo ma: «Doxleen wër dëkk bi, te na boroom ngànnaay yi jiitu gaalu Aji Sax ji.»
8 Noonu ko Yosuwe waxe mbooloo ma, noonu la deme: juróom ñaari sarxalkat ñoo ŋàbb juróom ñaari bufta, di liit bu ñu defare béjjénu kuuy, ku nekk yor ci benn, fa kanam Aji Sax ji, ñu dox, di wal bufta ya, gaalu kóllërey Aji Sax ji topp ca ñoom.
9 Boroom ngànnaay yaa ngay dox jiitu sarxalkat yay wal bufta ya, boroom ngànnaay ya fare gannaaw topp ca gaal ga, ñuy dem, bufta yay jib.
10 Mbooloo ma nag, Yosuwe sant leen, ne leen: «Buleen yuuxu, bu seen kàddu jib, bu baat génne seen gémmiñ, ba kera ma sant leen, ne leen: "Yuuxuleen." Su ko defee, ngeen yuuxu.»

* **5.15** Seetal ci *Mucc ga* 3.5. * **6.4** ***bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

11 Ba loolu amee mu wëral gaalu Aji Sax
ji dëkk bi, ba mu wër ko benn yoon, ñu
doora dellu, fanaani dal ba.
12 Ca ëllëg sa Yosuwe teela xëy, sarxalkat
ya gàddu gaalu Aji Sax ji,
13 juróom ñaari sarxalkat ya ŋàbb seen
juróom ñaari bufta, ku ne benn, fa kanam
gaalu Aji Sax ji. Ña ngay dox, di dox, tey
walaale bufta ya, boroom ngànnaay ya
jiitu leen, boroom ngànnaay ya fare
gannaaw topp gaalu Aji Sax ji, ñuy dox,
bufta yay jib.
14 Ñu dellu wër dëkk ba benn yoon ca
bésub ñaareel ba, doora dellu dal ba.
Noonu lañu ko jàppoo diiru juróom benni
fan.
15 Keroog bésub juróom ñaareel ba, suba
teel lañu jóg, ba jant di fenk. Ñu daldi wër
dëkk ba na woon, ba muy juróom ñaari
yoon. Bésub kera rekk lañu wër dëkk ba, ba
muy juróom ñaari yoon.
16 Juróom ñaareelu yoon ba, sarxalkat ya
wal bufta ya, Yosuwe ne mbooloo ma:
«Yuuxuleen, Aji Sax ji kat moo leen jox dëkk
bi.
17 Waa dëkk bi nag dees koy faagaagal†
te Aji Sax ji tax; mboolem li ci biiram dees
koy aaye‡ te Aji Sax ji tax. Mennum Raxab
gànc bi doŋŋ mooy dund, mook ñi mu
nekkal ñépp ci biir kër gi, ndax moo làq
ndaw yi nu yónni woon.
18 Waaye yeen nag, moytuleen seen
bopp bu baax ci li ñu wara faagaagal, ngir
ngeen bañ cee jël lenn, di yóbbe dalub
Israayil àtteb faagaagal, ba indi fi musiba.
19 Lépp luy xaalis ak wurus ak
jumtukaayi xànjar ak weñ gu ñuul, lu sell
la, ñeel Aji Sax ji. Ca dencub Aji Sax ji la
jëm.»
20 Mbooloo ma nag yuuxoondoo,
gannaaw ba bufta ya jollee. Naka la
mbooloo ma dégg riirum bufta ya rekk, ba
yuuxoondoo ca kaw, tata ja jóoru fa suuf,
mbooloo ma sàqi, jëm ca dëkk ba, ku nekk
jubal kanamam, ñu daldi nangu dëkk ba.
21 Mboolem la ca biir dëkk ba lañu
faagaagal ngir Aji Sax ji. Góor ak jigéen,
mag ak ndaw, ba ca nag yaak gàtt yaak
mbaam ya, lépp lañu leel ñawkay saamar.

### *Yosuwe baal na Raxab*

22 Ñaar ña nemmikusi woon réew mi
nag, Yosuwe ne leen: «Demleen ca kër gànc
ba te ngeen génne ndaw sa, mook
mboolem lu bokk ci moom, noonee ngeen
ko ko giñale woon.»
23 Xale yu góor ya nemmikusi woon
dem, génne Raxab ak baayam ak ndeyam
aki càmmiñam ak mboolem lu bokk ci
moom. Bokkam yépp lañu génne, teg leen
ca bitib dalu Israayil.
24 Dëkk ba nag, ñu lakk ko, mook
mboolem la ca biiram; xanaa lu cay xaalis
ak wurus ak xànjar ak weñ gu ñuul, loola
lañu yeb ca dencub kër Aji Sax ji.
25 Mennum Raxab gànc ba ak waa kër
baayam ak mboolem lu bokk ca moom,
ñoom la Yosuwe bàyyi ñu dund, te ci biir
Israayil la dëkk ba tey jii, ndax Raxab moo
làqoon ndaw ya Yosuwe yónni woon, ngir
ñu nemmikuji Yeriko.
26 Jant yooyu la Yosuwe yékkati kàddug
ngiñ lii. Mu ne: «Alkàndeg Aji Sax ji ñeel na
képp ku nara tabaxaat dëkkub Yeriko bii.
Ab taawam lay weccee fondmaa tata ya,
te caatam lay weccee sampub bunt ya.»
27 Aji Sax ji nag moo nekkoon ak
Yosuwe, aw turam siiw, ca réew ma mépp.

## 7

### *Bàkkaaru Akan am na njeexital*

1 Teewul bànni Israayil fecci worma ci
mbirum alal ja ñu aaye te Aji Sax ji tax.
Ndax ku ñuy wax Akan, bokk ci giirug
Yuda, Karmi di baayam, Sabdi di baayu
Karmi, Sera di baayu Sabdi, kooku moo
sàkk ca alal ja ñu aaye. Ba loolu amee
sànjum Aji Sax ji tàkk ci kaw bànni Israayil.
2 Yosuwe moo yebale ay nit fa Yeriko,
ngir ñu dem dëkk bu ñu naa Ayi, feggook
Bet Awen, te féete Betel penku. Mu wax
leen ne leen: «Demleen nemmikuji gox ba.»
Ñooña dem, ba nemmikuji Ayi.
3 Ba ñu delloo ca Yosuwe, dañu koo wax
ne ko: «Bu gàngoor gépp dem de, xanaa lu
wara tollook ñaar ba ñetti junniy góor rekk

† **6.17** ***faagaagal:*** li ñu daan faagaagal mooy nit ñi. ‡ **6.17** ***aaye:*** mooy li ñu jagleel Aji Sax ji, te nit sañu koo jëfandikoo. Jooju alal, su duggul ci dencub Aji Sax ji, dees koy sànk.

ñooy dem songi Ayi. Bu ca sonal gàngoor
gépp, ndax ñooña daal ñu néew lañu.»
4 Ba loolu amee ñenn ca gàngoor ga ñoo
dem ba foofa, wara tollook ñetti junniy
góor. Waaye ñoo daw, won góori Ayi
gannaaw.
5 Waa Ayi rey ca ñoom lu tollook
fanweer ak juróom benn. Ca buntu dëkk
ba lañu leen dàqe ba ñu àgg Sebarim, ñu
rey leen fa mbartal ma. Tiitaange nag jàpp
mbooloo ma, ñu ne yàcc.
6 Ba mu ko defee Yosuwe ne ay yéreem
tareet ndax naqar. Mu ne gurub, dëpp
jëëm ca suuf ca kanam gaalu Aji Sax ji, ba
ca ngoon, moom ak magi Israayil. Ñuy
sotti suuf ci seen kaw bopp, di ko toroxloo.
7 Yosuwe ne: «Éy Boroom bi Aji Sax ji,
ana loo doon jàllalee jàllale mbooloo mii
dexu Yurdan, te nar noo teg ci loxol
Amoreen ñi, ñu bóom nu? Su nu yégoon de
doylu ba des ca wàllaa dexu Yurdan!
8 Ngalla Boroom bi, lu may waxati nag,
gannaaw Israayil a walbatiku, won noon
yi doq?
9 Te Kanaaneen ñeek waa réew mi mépp
a koy dégg, tanc nu, ba far sunuw tur fi
kaw suuf. Su boobaa nag nooy def ak sa
tur wu réy wi?»
10 Aji Sax ji ne Yosuwe: «Jógal taxaw!
Ana looy sukk di dëpp sa jë fi suuf?
11 Israayil a bàkkaar. Ñoo fecci sama
kóllëre gi ma leen sàmmloo woon. Ñoo sàkk
ca alal ja ñu aaye. Dees koo far sàcc, ngir
naxe, ba far ko yeb ca seeni denc.
12 Kon nag bànni Israayil dootuñu mana
të seeni noon. Doq lañuy won seeni noon,
ndax ñoo mujj di jël li ñu aaye. Dootuma
nekk ak yeen lu moy dangeena sànk yëf yi
ñu aaye, mu jóge ci seen biir.
13 Jógal sellal mbooloo mi. Wax leen ne
leen: “Sanguleen-set, ngir waajal ëllëg. Aji
Sax ji Yàllay Israayil kat dafa wax ne: Éey
Israayil, lu ñu wara aaye déy a ngi ci seen
biir. Te dungeen mana të seeni noon, ba
kera ngeen di jële ci seen biir loolu ñu
aaye.”
14 Ëllëg ci suba nag, dingeen teewsi fii, ni
ngeen bokke seeni giir. Giir gu ci Aji Sax ji
jàpp, na ay nitam topp na ñu bokke làng yi
ko séq, te ñu teewsi fii. Làng gu ci Aji Sax ji
jàpp, na ay nitam topp na ñu bokke kër yi
ko séq, te ñu teewsi fii. Kër gu ci Aji Sax ji
jàpp, na góor ña ko séq topplante, te ñu
teewsi fii.
15 Su ko defee ki ñu jàpp ak la ñu wara
aaye, dees koy lakk, moom ak mboolem lu
bokk ci moom, ndax moo fecci kóllëreg Aji
Sax ji; moo def njombe ci digg Israayil.»
16 Ca ëllëg sa Yosuwe teela xëy, daldi
teewloo Israayil na ñu bokke seeni giir, ñu
jàpp ca giirug Yuda.
17 Ba loolu amee mu teewloo giirug
Yuda, ba jàpp ca làngu Sera. Ci kaw loolu
mu teewloo làngu Sera, na ñu bokke kër yi
ko séq, ñu jàpp ca kër Sabdi.
18 Mu daldi teewloo góori kër Sabdi,
toflante leen, ñu jàpp ca Akan ma giiroo ca
Yuda. Karmi mooy baayam, Karmi, Sabdi
mooy baayam, Sabdi, Sera mooy baayam.
19 Yosuwe nag ne Akan: «Sama doom,
ngalla waxal sa digganteek Aji Sax ji Yàllay
Israayil, te nangu sa njuumte. Rikk wax
ma li nga def, te bul ma nëbbu.»
20 Akan ne Yosuwe: «Aylayéwén maa
tooñ Aji Sax ji Yàllay Israayil. Li ma def
mooy lii:
21 Ci alal ji ñu sëxëtoo laa gis mbubbum
xew mu Sineyaar ak ñaari téeméeri siikali*
xaalis ak dogu wurus wu diise juróom
fukki siikal. Loolu laa xemmem ba jël ko.
Ma nga ma suul ca sama digg xayma,
xaalis baa féete suuf.»
22 Ba mu ko defee Yosuwe yónni ay
ndaw, ñu daw ba ca xayma ba, fekkuñu lu
moy yëf ya làqe noona, ca biir xaymaam,
xaalis ba féete suuf.
23 Ca digg xayma ba lañu jële lépp, indil
ko Yosuwe ak mboolem bànni Israayil. Ñu
daldi koy sotti fi kanam Aji Sax ji.
24 Ba loolu amee Yosuwe ànd ak bànni
Israayil gépp, ñu jàpp Akan, sëtub Sera,
boole kook xaalis baak mbubb maak dogu
wurus wa, ak ay doomam, góor ak jigéen,
ak ay nagam ak ay mbaamam aki gàttam
ak xaymaam ak mboolem lu mu moom.
Ñu yóbbu leen ba ca xuru Akor.

* **7.21** ***siikal,*** xaalis la woon bu ñuy natt, mu tollu ci fukki garaam ak benn ak genn-wàll.

25 Yosuwe ne: «Yaa nu teg mii musiba?
Bés niki tey Aji Sax jee lay teg musiba.»
Bànni Israayil gépp nag dóor ko ay xeer ba
mu dee, moom ak njabootam. Gannaaw
ba ñu leen dóoree ay xeer ba ñu dee, dañu
leena lakk.
26 Ci kaw loolu ñu jal ca kawam jalu xeer
bu réy, te ma nga fa ba tey jii. Ca la Aji Sax
ji meddee ca meram mu tàng ma. Moo tax
ba sunu jonni yàllay tey, tur wi ñuy woowe
béreb booba di xuru Akor (muy firi xuru
Musiba).

# 8

*Nangu nañu Ayi*

1 Aji Sax ji nag ne Yosuwe: «Bul tiit, bul
ragal. Àndal ak gàngoor gépp, nga jóg dem
ba Ayi. Mu ngoog, maa teg ci sa loxo
buurub Ayi ak waa réewam akub péeyam
ak am réewam.
2 Na nga defoon Yeriko ak buuram, def
ko Ayi ak buuram. Xanaa lu cay alal akug
jur ngeen sëxëtoo ko, jagoo. Ca gannaaw
dëkk ba ngeen di jaare, waajale leen fa am
tëru.»
3 Yosuwe nag jóg mook gàngoor gépp,
ngir dem ba Ayi. Mu tipp fanweeri junniy
góor, ay ñeyi xare, yebal leen ag guddi, ñu
jiitu.
4 Mu sant leen ne leen: «Dama ne, yeen
yeenay tëroo dëkk bi ca gannaaw. Buleen
dànd dëkk bi lu sore lool nag, te neleen
temm taxaw, yeen ñépp.
5 Man maak mboolem gàngoor gi ànd ak
man, nooy dikk ba jub dëkk bi. Su ñu
génnee, di nu songsi, na yoon wu njëkk wa
rekk, danu leen di won gannaaw, daw.
6 Dañuy génn topp nu, nu ootal leen, ba
ñu génn dëkk bi, ndax dañu naa: "Ñu ngi
dawati, won nu gannaaw, na yoon wu
njëkk wa." Waaye ba nuy daw, won leen
gannaaw,
7 yeen, ca ngeen di fettaxe fa ngeen di
tëroo, daldi nangu dëkk bi, su ko defee
seen Yàlla Aji Sax ji teg dëkk bi ci seen loxo.
8 Bu ngeen di nangu dëkk bi rekk,
taalleen ko. Ni ko Aji Sax ji santaanee
rekk, defe leen ko ni. Mu ngoog, loolu laa
leen sant.»
9 Ba loolu amee Yosuwe yebal leen, ñu
jubal ba fa ñuy tëroo. Diggante Betel ak Ayi
lañu dal, fa féete Ayi sowu, Yosuwe moom,
guddig kera, ca digg gàngoor ga la fanaan.
10 Ca ëllëg sa Yosuwe teela xëy, nemmiku
gàngoor ga, ba noppi ànd ak magi Israayil
jiitu, jëm Ayi, gàngoor ga topp ca.
11 Mboolem gàngoor ga àndoon ak moom
ñoo dox ba jub dëkk ba. Ñu dikk janook
dëkk ba, daldi dal féeteek bëj-gànnaaru Ayi,
aw xur dox seen digganteek Ayi.
12 Yosuwe jël juróomi junniy góor, teg
leen fu ñuy tëroo diggante Betel ak Ayi, ca
wet ga féete Ayi sowu.
13 Ba gàngoor ga féetalee dal ba bépp ca
bëj-gànnaaru dëkk ba, féetale am tëroom ca
sowu, Yosuwe dem na, guddig kera ba ca
digg xur wa.
14 Ba ca buurub Ayi gisee, suba teel lañu
gaawtu jóg, moom ak gàngooram gépp.
Góori dëkk ba génn, wuti bérebu ndaje ba
janook xuru Yurdan, ngir xarejeek bànni
Israayil. Booba buuru Ayib yégul tëru ma
ñu ko waajal ca gannaaw dëkk ba.
15 Ba mu ko defee Yosuwe ak Israayil
gépp mel fi seen kanam ni ñu ñu daan. Ñu
daldi daw, wuti màndiŋ ma.
16 Mboolem nit ña ca Ayi lañu woo, ñu
daje, ngir dàqi leen. Ñu naagu, topp ñoom
Yosuwe, ba génn dëkk ba.
17 Du genn góor gu des Ayi mbaa Betel te
génnul dàqi Israayil. Dëkk ba lañu bàyyi,
mu ne ŋàpp, ñu dàqi Israayil.
18 Ci biir loolu Aji Sax ji ne Yosuwe:
«Tàllalal xeej bi ci sa loxo, joxoñe ko Ayi,
ndax ci sa loxo laa koy teg.» Yosuwe tàllal
xeej ba ca loxoom, joxoñe ko dëkk ba.
19 Naka la tàllal loxoom, waa tëru ma
bàbbeekoo ca seen béreb ba, dugg ca biir
dëkk ba, nangu ko, daldi gaawtu taal dëkk
ba.
20 Góori Ayi ne gees, gisuñu lu moy
saxaaru dëkk bay sël-sëli, wuti asamaan, te
du fenn fu ñu jaare, ba raw. Gàngoor ga
doon daw jëm màndiŋ ma, far walbatiku,
dàqi ña doon dàqe.
21 Booba Yosuwe ak Israayil gépp a gis
ne waa tëru ma nangu nañu dëkk ba, ba
saxaaru dëkk ba jolli. Ca lañu walbatiku,
rey waa Ayi.
22 Ci biir loolu bànni Israayil ga ca des
génne ca dëkk ba, karsi waa Ayi, ñu nekk ci

digg mbooloom Israayil; ñii ci gii wet, ñee
ca gee. Dañu leena rey ba desewuñu kuy
dund mbaa ku rëcc.
23 Buurub Ayi nag lañu jàpp, muy dund,
ñu yóbbu ko ca Yosuwe.
24 Noonu la Israayil reyee mboolem waa
Ayi ca àll ba, ca màndiŋ ma ñu leen dabe
woon, ba ñoom ñépp ñu daan leen, reye
leen ñawkay saamar, ba ñu jeex tàkk.
Gannaaw loolu bànni Israayil gépp dellu
Ayi, dal ca kawam, leel ko ñawkay saamar.
25 Mboolem ña tëdd bésub keroog, góor
ak jigéen, fukki junneek ñaar la (12 000), di
waa Ayi gépp.
26 Yosuwe wàccewul loxoom ba mu
tàllale woon xeej ba, te faagaagaluñu waa
Ayi gépp.
27 Xanaa jur gaak alali dëkk ba la bànni
Israayil sëxëtoo, jagoo ko, na ko kàddug Aji
Sax ja mu dénk Yosuwe, diglee woon.
28 Ci kaw loolu Yosuwe taal Ayi, def ko
ab jal ba fàww, mu dib gent ba sunu jonni
yàllay tey.
29 Buurub Ayi nag wékke ci garab, ba
ngoon jot. Ba jant sowee, Yosuwe
santaane, ñu wékkee néew ba ca garab ga,
sànni ko ca buntu dëkk ba. Ci kaw loolu ñu
yékkati jóoru xeer bu réy ca kawam, te moo
fa ne ba tey jii.
30 Ba loolu amee Yosuwe tabax ca tundu
Ebal ab sarxalukaay, ñeel Aji Sax ji Yàllay
Israayil,
31 na ko Musaa jaamub Aji Sax ji sante
woon bànni Israayil, te ñu binde ko ni ci
téereb yoonu Musaa. Muy sarxalukaayu
doj yu ñu yattul, te jumtukaayu weñ laalu
ca. Ñu sarxal ca Aji Sax ji saraxi
rendi-dóomal. Ci biir loolu ñu rendi ay
saraxi cant ci biir jàmm.
32 Foofa la Yosuwe binde ca xeeri
sarxalukaay ya ab sottib yoonu Musaa wa
Musaa bindoon ca kanam bànni Israayil.
33 Israayil gépp, doxandéem ak
njuddu-ji-réew, daldi ànd ak seeni mag ak
kilifa yaak àttekat ya. Ñu taxaw ca ñaari
weti gaal ga, jàkkaarlook sarxalkat yiy
Leween ñi gàddu gaalu kóllërey Aji Sax ji.
Genn-wàllu mbooloo maa nga janook
tundu Garisim, genn-wàll ga ca des janook
tundu Ebal, na leen ko Musaa jaamub Aji
Sax ji sante woon bu yàgg, ne leen ñu di ko
def, bu ñuy ñaanal bànni Israayil.
34 Gannaaw loolu Yosuwe jàngal leen
mboolem kàdduy yoon wa, la cay ñaan ak
la cay alkànde lépp, mboolem noonee ñu
ko binde ci téereb yoon wi.
35 Du lenn ci mboolem li Musaa
santaane woon, lu Yosuwe jàngul ci kanam
mbooloom Israayil mépp, jigéen ñaak
tuut-tànk ya ca lañu, ba ca doxandéem ya
àndoon ak ñoom.

# 9

## *Waa Gabawon def nañug muus*

1 Gannaaw gi, ña féete dexu Yurdan
sowu, ñoom ñépp la seeni buur dégg la
xew; ña ca diiwaanu tund yaak suufu tund
yaak mboolem waa joor ga leru tefesu géej
gu mag ga, ba ca weti Libaŋ. Muy Etteen
ñaak Amoreen ñaak Kanaaneen ñaak
Periseen ñaak Eween ñaak Yebuseen ña,
2 ñu daje, mànkoo ci genn kàddu, ngir
xareek Yosuwe ak bànni Israayil.
3 Teewul ba waa Gabawon déggee na
Yosuwe def Yeriko ak Ayi,
4 ñoom ag muus lañu def. Dañoo waajal
ab dund, daldi fabu, sëf seeni mbaam ay
saaku yu ràpp ak mbuusi biiñ yu ràpp, xar,
dëbb-daaxoo.
5 Seeni carax it ràpp, dëbb-daaxoo, seeni
yére sagaroo, seen mburum dund mépp
wow koŋŋ, di ruus.
6 Ñu dikk ba ca Yosuwe ca dalub Gilgal,
daldi koy wax mook bànni Israayil ne leen:
«Nun de, réew mu sore lanu jóge. Nu bëgg
nag, nga fasool nu kóllëreg jàmm*.»
7 Waa bànni Israayil ya ne Eween ña:
«Yeen ñii, jombul noo bokk gox bi, te kon
ana nu nu leen di fasool kóllëreg jàmm?»
8 Ñu ne Yosuwe: «Nun de say jaam doŋŋ
lanu.» Yosuwe ne leen: «Yeena di ñan, ak fu
ngeen bàyyikoo?»
9 Ñu ne ko: «Nun de sang bi, réew mu
soree sore lanu bàyyikoo ba fii, ndax seen
turu Yàlla Aji Sax ji, ngir noo dégg
jalooreem, mboolem la mu def ca Misra
10 ak mboolem la mu def ñaari buuri
Amoreen ya ca wàllaa dexu Yurdan, ñuy

* **9.6** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 7.2; 20.10-18.

Sixon buurub Esbon, ak Og buuru Basan
ma ca Astarot.
11 Sunu mag ñaak sunu waa réew mépp
nag sant nu, ne nu: “Fagaruleen ab dund
te waajal yoon wu ngeen deme ba dajeek
ñoom, ngeen wax leen, ne leen seeni jaam
lanu. Léegi nag danoo bëgg ngeen fasool
nu kóllëreg jàmm.”
12 Sunu mburu maa ngii tàngoon ba nu
koy jële sunuy kër, fagaroo ko, keroog ba
nu jógee, ngir dikk ba ci yeen. Tey mu ngi
nii wow koŋŋ, di ruus.
13 Mbuusi biiñ yii bees lañu leen duye
woon, tey ñu ngi nii xar. Sunuy yéreek
sunuy dàll a ngii ràpp, ndax yoon wu sore
lool.»
14 Waa Israayil nag ñam ca lekku waa
Gabawon ña te sàkkuwuñu ndigalal Aji Sax
ji ci seen mbir.
15 Ba loolu amee Yosuwe digook waa
Gabawon jàmm, fasool leen kóllëreg jàmm,
ngir wacce leen bakkan, njiiti ndaje ma
dogale ko kàddug ngiñ.
16 Ba ñu fasook waa Gabawon kóllëreg
jàmm, ba mu am ñetti fan, ca lañu dégg ne
ñooña ñu leen jege lañu, ñook ñoom a bokk
benn gox bi.
17 Bànni Israayil a bàyyikoo dal ba, ba ca
gannaaw ëllëg sa, ñu agsi ca dëkki nit
ñooña, muy dëkk ya ñuy wax Gabawon ak
Kefira ak Beerot ak Kiryaat Yarim.
18 Waaye bànni Israayil songuñu leen,
ndax fekk na njiiti mbooloo ma giñal leen
ko ci Aji Sax ji Yàllay Israayil. Mbooloo ma
mépp nag di ñaxtu ca kaw njiit ya.
19 Ci kaw loolu mboolem njiit ya wax ak
mbooloo ma mépp, ne leen: «Noo leen ko
giñaloon ci Aji Sax ji Yàllay Israayil. Kon
nag manunu leena laal.
20 Li nuy def ak ñoom daal mooy lii:
wacce leen seen bakkan, am sànj baña dal
ci sunu kaw ndax ngiñ la nu leen
giñaloon.»
21 Njiiti mbooloo ma ne: «Kon nag nañu
dese seen bakkan.» Ba mu ko defee njiit
ya sant waa Gabawon ñuy goral aka rootal
mbooloo ma mépp.
22 Ba loolu amee Yosuwe woolu waa
Gabawon, ne leen: «Lu waral ngeen nax
nu, ne nu fu soree sore ngeen dëkk, te noo
bokk gox bi?
23 Léegi nag alku ngeen. Du ngeen
teqalikoo mukk ak njaam gu leen def ay
gorkat aki rootkat ngir sama kër Yàlla ga.»
24 Ñu wax Yosuwe ne ko: «Da di, sang bi,
dees noo xamal xéll ne seen Yàlla Aji Sax
jee santoon Musaa, jaamam ba, ne ko mu
jox leen réew mi mépp, te bóom mboolem
waa réew mi ci seen kanam. Moo tax nu
xalaat sunu bakkan lool ndax yeen, te
looloo waral nu def lii.
25 Léegi nag nu ngii ci say loxo. Loo
yaakaar ne moo war te jekk ci nun rekk,
def nu ko.»
26 Noonu la Yosuwe def ak ñoom, xettali
leen ci bànni Israayil, ba reyuñu leen.
27 Bésub keroog la leen Yosuwe def ay
gorkat aki rootkat ngir mbooloo ma ak
sarxalukaayu Aji Sax ji, fépp fu ko Aji Sax
ji tànn, te loolu lañu sasoo ba tey jii.

# 10

### *Bànni Israayil duma na Amoreen ña*

1 Adoni Cedeg buurub Yerusalem nag
dégg na Yosuwe nangoo Ayi, ba faagaagal
ko, ak na mu defe Ayi ak buuram noonee
mu defoon ak Yeriko, ak itam na waa
Gabawon digoo jàmm ak Israayil, ba mana
des ci seen biir.
2 Niti Buur ba tiit lool, ndax Gabawon
dëkk bu mag la woon, tollook dëkki buur
yi; moo ëppoon Ayi it, te góori Gabawon
yépp ay ñeyi xare lañu woon.
3 Adoni Cedeg buurub Yerusalem yónnee
ca Owam buurub Ebron, ak Piram buurub
Yarmut, ak Yafya buurub Lakis, ak Debir
buurub Eglon. Mu ne leen:
4 «Kaayleen dimbali ma, nu duma
Gabawon, ndax digoo na jàmm ak
Yosuweek bànni Israayil.»
5 Noonu la juróomi buuri Amoreen ña
bokke daje: buurub Yerusalem ak buurub
Ebron ak buurub Yarmut ak buurub Lakis
ak buurub Eglon, ñook seen gàngoori xare.
Ñu dali fa janook Gabawon, song leen
xare.
6 Ci kaw loolu waa Gabawon yónnee ca
Yosuwe, fa mu dal ca Gilgal, ne ko: «Sang
bi, ngalla bu nu wacc, dikkal gaaw, wallu
nu, xettali nu, ndax kat buuri Amoreen ñi
dëkke tund yi, ñoom ñépp a daje ci sunu
kaw.»

7 Ba loolu amee Yosuwe bawoo Gilgal,
ànd ak gàngooram gépp ak ñeyi xareem
yépp.
8 Aji Sax ji nag ne Yosuwe: «Bu leen
ragal, ndax ci sa loxo laa leen di teg. Du
kenn ci ñoom kuy taxaw ci sa kanam.»
9 Ba mu ko defee Yosuwe jekki dal ci
seen kaw. Fekk na mu fanaan guddi gépp
ci yoon wi, bàyyikoo Gilgal, ba agsi.
10 Aji Sax ji nag fëlxe leen ca kanam
Israayil, Yosuwe daan leen jéll bu réy ca
Gabawon. Moo leen dàq, ba yéeg mbartal
ma jëm Bet Oron, duma leen ba ca dëkk ya
ñuy wax Aseka ak Makeda.
11 Ba ñuy wàcce mbartalum Bet Oron, di
daw Israayil, ca la leen Aji Sax ji jóor ay doj
yu réy yu xàwweekoo asamaan, di leen dal,
ba ca Aseka, ñu dee. La dee ca doji yuur ya
moo ëpp la bànni Israayil reye saamar.
12 Booba la Yosuwe yékkati kàddu jëme ci
Aji Sax ji, kera bés ba Aji Sax ji jébbalee
Amoreen ña bànni Israayil. Dafa wax fa
kanam bànni Israayil, ne:
«Jant, neel tekk fi tiim Gabawon,
yaw weer it, taxawal fi tiim xuru Ayalon.»
13 Jant ba ne tekk, weer wa taxaw, ba xeet
wa noppee digaaleeki noonam. Noonu
lees ko binde moos ci téere bi ñu dippee
Téereb aji jub ji. Fa digg asamaan la jant
taxaw, dakkal aw xélam, benn bésu lëmm.
14 Keroog la Aji Sax ji déggal kàddug nit.
Benn bés bu ni mel masula am, te dootul
am mukk. Da di Aji Sax ji moo doon xareel
Israayil.
15 Ba loolu amee Yosuwe ànd ak Israayil
gépp, ñu dellu ca dal ba ca Gilgal.

## *Yosuwe rey na juróomi buur ya*

16 Ci biir loolu juróomi buur ya daw
làquji ca xunt ma ca Makeda.
17 Ba ñu waxee Yosuwe ne ko, gis nañu
juróomi buur ya, ñu làqu ca xuntum
Makeda,
18 Yosuwe dafa santaane ne: «Bérañleen
ay doj yu mag, fatte buntu xunt ma, te
ngeen taxawal fa ay nit ñu leen wattu.
19 Waaye yeen ñi ci des, buleen
taxawaalu. Dàqatileen seeni noon, doxe
leen gannaaw. Buleen leen bàyyi ñu àgg ca
seeni dëkk, ndax seen Yàlla Aji Sax ji moo
leen teg ci seeni loxo.»
20 Noonu la leen Yosuwe ak bànni
Israayil dumaa duma yu réya réy, ñu jeex
tàkk, desul lu moy benn-benni nit ñu rëcc,
ba làquji ca seen dëkk ya tata wër.
21 Gàngoor ga gépp nag dellu ak jàmm ca
Yosuwe ca dal ba ca Makeda, te kenn
ñemewula waxal bànni Israayil benn baat.
22 Ba mu ko defee Yosuwe joxe ndigal,
ne: «Demleen ubbi buntu xunt ma, te ngeen
génne juróomi buur yooyu, indil ma leen.»
23 Ñu def noona, génneji juróomi buur
yooyu ca xunt ma, indil ko, ñuy buurub
Yerusalem ak buurub Ebron ak buurub
Yarmut ak buurub Lakis ak buurub Eglon.
24 Naka lañu indil Yosuwe buur ya,
Yosuwe woolu góori Israayil ñépp, daldi
sant kilifay xarekat ya àndoon ak moom,
ne leen: «Dikkleen, te ngeen joggi seen tànk
ci kaw ndoddi buur yii!» Ñu dikk, joggi
seen tànk ca seen kaw ndodd.
25 Yosuwe wax leen, ne leen: «Buleen tiit,
buleen ragal, dëgërluleen te am fit, ndax nii
la Aji Sax ji di def mboolem seen noon yu
ngeen di xareel.»
26 Gannaaw loolu Yosuwe rey leen, ñu
dee, mu wékk leen ci juróomi garab, ñu
yendoo wékke ca garab ya, ba ngoon jot.
27 Jant so, Yosuwe santaane ñu wékkee
leen ca garab ya, sànni leen ca xunt ma ñu
làqu woon. Doj yu réy lañu ube buntu xunt
ma, te doj yaa nga fa ba sunu jonni yàllay
tey.

## *Yosuwe nangu na dëkk ya ca bëj-saalum*

28 Makeda googu, bésub keroog la ko
Yosuwe nangu. Mu leel waa dëkk ba
ñawkay saamar, ñook seen buur, faagaagal
dëkk baak mboolem ña ca biiram, bàyyiwul
kenn rëcc. Na mu defoon buurub Yeriko la
def buuru Makeda.
29 Ba mu ko defee Yosuwe jàll, mook
Israayil gépp, ñu bàyyikoo Makeda, dem ba
Libna. Ci kaw loolu mu song leen xare.
30 Dëkk booba it Aji Sax ji boole kook
buuram teg ci loxol Israayil. Ñu leel dëkk
baak mboolem ña ca biiram ñawkay
saamar, bàyyiwuñu kenn rëcc. Na Yosuwe
defoon buurub Yeriko la def buuru dëkk
ba.
31 Yosuwe nag jàll, mook Israayil gépp,
ñu jóge Libna, dem ba Lakis. Ñu dal fa
janook dëkk ba, daldi leen song xare.

32 Ba loolu amee Aji Sax ji teg Lakis ci
loxol Israayil. Ca ëllëg sa lañu nangu dëkk
ba. Ñu leel dëkk ba ñawkay saamar, mook
mboolem ña ca biiram, noonee ñu defoon
Libna.
33 Ci biir loolu la Oram buurub Geser
dikk, di sotle waa Lakis. Teewul Yosuwe
boole kook gàngooram, duma, ba desewul
kuy dund.
34 Yosuwe jàllati ànd ak Israayil gépp, ñu
bàyyikoo Lakis, dem ba Eglon. Ñu dal fa
janook dëkk ba, daldi leen song xare.
35 Ci benn bés boobu lañu nangu dëkk
ba, leel ko ñawkay saamar. Mook mboolem
ña ca biiram la Yosuwe faagaagal ca bésub
keroog booba, mboolem noonee mu
defoon Lakis.
36 Yosuwe demati ànd ak Israayil gépp,
ñu bàyyikoo Eglon, dem ba Ebron, daldi
leen song xare.
37 Ñu nangu dëkk ba, leel ko ñawkay
saamar, mook buuram ak mboolem dëkk
ya ko wër, ak mboolem ña ca biir. Bàyyiwul
kenn rëcc. Mboolem noonee mu defoon
Eglon, na la faagaagale Ebron, mook
mboolem ña ca biiram.
38 Yosuwe walbatikoo fa, mook Israayil
gépp, ñu dem ba Debir, daldi leen song
xare.
39 Ci kaw loolu mu teg buuru dëkk ba
loxo, mook mboolem dëkk ya ko wër, ba
leel leen ñawkay saamar. Mboolem ña ca
biir lañu faagaagal, bàyyiwuñu kenn rëcc.
Na Yosuwe defoon Ebron la def Debir ak
buuram, te noonee la defoon Libna ak
buuram.
40 Noonu la Yosuwe dumaa réew mépp,
diiwaanu tund yaak àllub Negew baak
suufu tund yaak mbartali tund ya, ak seen
buur yépp, bàyyiwul kenn rëcc. Lépp luy
noyyi la faagaagal, na ko Aji Sax ji Yàllay
Israayil santaanee.
41 La dale Kades Barneya, jàpp Gasa ca
bëj-saalum, ak diiwaanu Gosen gépp, ba ca
Gabawon ca bëj-gànnaar, ñépp la Yosuwe
duma.
42 Mboolem buur yooyu la Yosuwe
duma, nangoondoo seenum réew benn
yoon, ndax Aji Sax ji Yàllay Israayil moo
doon xareel Israayil.
43 Ba mu ko defee Yosuwe ànd ak
Israayil gépp, ñu dellu ca dal ba ca Gilgal.

# 11

## *Xare jib na ca Merom*

1 Yabin buurub Àccor nag, naka la dégg
xew-xew yooyu, daldi yónnee ca Yobab
buuru Madon ak buurub Simron ak
buurub Agsaf,
2 ak itam ca buur ya féete bëj-gànnaar ca
diiwaani tund ya, ak ca xuru dexu Yurdan
wa féete ca bëj-saalumu dexu Kineret, ak ca
suufu tund yaak ca goxub Dor, ba féete
sowu,
3 ak itam ca Kanaaneen ña ca penku, ak
ña ca sowu, ak ca Amoreen ñaak Etteen
ñaak Periseen ñaak ca Yebuseen ña ca tund
ya, ak ca Eween ña ca suufu tundu Ermon
ca diiwaanu Mispa.
4 Buur yooya yépp dikk, ñook mboolem
seeni gàngoor. Ñuy mbooloo mu bare ba
mel ni feppi suufas tefesu géej ndax bare,
aki fas aki watiiri xare yu ne gàññ.
5 Ba buur ya yépp dajee ba dikk, fa
feggook bëti ndoxi Merom lañu dalandoo,
ngir xareek Israayil.
6 Teewul Aji Sax ji ne Yosuwe: «Bu leen
ragal, nëgëni ëllëg maa leen di wacc ñoom
ñépp, ñu gaañu ba dee fi kanam Israayil.
Seen siisi fas yi, dogleen leen, te seen
watiiri xare, ngeen taal leen.»
7 Ci kaw loolu Yosuwe jekki dikk ca seen
kaw, ca bëti ndoxi Merom, mook
mboolem gàngooru xareem. Ñu ne milib ci
seen kaw.
8 Aji Sax ji nag teg leen ci loxol Israayil,
ñu duma leen, dàq leen, ba àgg Sidon gu
mag ak Misrefot Mayim, ba ca xuru
Mispe, ca penku. Dañu leena falaxe ba
desewuñu kuy dund.
9 Ba loolu amee Yosuwe def leen na ko
Aji Sax ji waxoon; seen siisi fas ya, mu
dog, seen watiiri xare, mu taal.

## *Nangu nañu Àccor*

10 Boobu la Yosuwe waññiku, ba nanguji
dëkk ba ñuy wax Àccor, buur ba, mu jam ko
saamar. Àccor, bu njëkkoon, mboolem
nguur yooyu, moo doon seen péey.
11 Mboolem ña ca biir dëkk ba lañu rey,
leel leen ñawkay saamar, ba faagaagal
leen. Du lenn luy noyyi lu des, te dëkkub
Àccor ba ci boppam, Yosuwe da koo taal.

12 Mboolem péeyi buur yooyu ak seeni
buur la Yosuwe teg loxo. Da leena leel
ñawkay saamar, faagaagal leen, noonee ko
Musaa jaamub Aji Sax ji santaanee woon.
13 Waaye mboolem dëkk ya woon ca
seen kaw tundi gent, Israayil taalu leen.
Mennum Àccor doŋŋ la Yosuwe taal.
14 Te it mboolem alali dëkk yooyu ak jur
ga la bànni Israayil sëxëtoo, jagoo ko.
Waaye mboolem doom aadama ya, dees
leena leel ñawkay saamar, ba rey leen ba
ñu jeex. Bàyyiwuñu lenn luy noyyi.
15 Noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa jaamam ba, Musaa sante ko ni
Yosuwe, na la ko Yosuwe defe. Bàyyiwul
lenn ca mboolem lu Aji Sax ji santoon
Musaa.

### *Diiwaan yii la Yosuwe nangu*

16 Noonu la Yosuwe nangoo réew
moomu mépp, muy diiwaanu tund yaak
àllub Negew baak mboolem diiwaanu
Gosen, ak suufu tund yaak xuru dexu
Yurdan ak diiwaanu tundi Israayil ak joor
ga mu tiim.
17 La dale tundu Alag wa ñuy yéeg jëm
Seyir, ba Baal Gàdd ca xuru Libaŋ, fa
suufu tundu Ermon, mboolem buuri foofu
yépp la jàpp, jam leen, ñu dee.
18 Lu yàgg la Yosuwe xareek buur yooyu
yépp.
19 Lu moy Eween ña dëkkoon Gabawon
nag, du benn dëkk bu digoo woon jàmm ak
bànni Israayil. Yeneen dëkk yépp, ci xare
lañu leen nangoo.
20 Booba dogal bu bawoo ci Aji Sax ji
moo naroona dëgëral boppi waa réew ma,
ba ñu xareek bànni Israayil, ngir ñu
faagaagal leen te bañ leen a yërëm, xanaa
jeexal leen, noonee ko Aji Sax ji sante
woon Musaa.
21 Jant yooyu la Yosuwe dem, rey
mboolem Anageen ña dëkke diiwaanu
tundi Ebron ak Debir ak Anab ak
diiwaanu tundi Yuda bépp ak diiwaanu
tundi Israayil bépp. Ñook seeni dëkk la
Yosuwe boole, faagaagal.
22 Du kenn ku bokk ci xeetu Anageen ku
desoon ca réewum bànni Israayil, xanaa ca
Gasa ak Gaat ak Asdodd doŋŋ lañu
desoon.
23 Noonu la Yosuwe nangoo mboolem
réew ma, mboolem noonee ko Aji Sax ji
waxe woon Musaa. Ci kaw loolu Yosuwe
sédd Israayil réew ma, giir gu ci nekk ak
céram. Réew ma nag ne tekk, noppalu ci
xare.

# 12

### *Buur yii la bànni Israayil daan*

1 Yii buuri réew nag la bànni Israayil
duma, ba nangu seen réew ca wàllaa dexu
Yurdan wa ca penku, te dale ca xuru
Arnon ci bëj-saalum, jaare ci xuru dexu
Yurdan ba ca tundu Ermon ci bëj-gànnaar.
2 Benn ci buur yu ñu duma mooy Buur
Sixon mu Amoreen ba dëkkoon Esbon, te
moomoon genn-wàllu diiwaanu Galàdd, fa
dale Arower ga feggook xuru Arnon, jaare
ca digg xur wa ba ca xuru Yabog wa
digalook réewu Amoneen ña.
3 Sixon moo moomoon itam penkub
xuru dexu Yurdan, fa dale dexu Kineret
ca bëj-gànnaar, ba ca géeju Xorom ga
feggook Bet Yesimot, ak diiwaan ba ca
suufu tundu Pisga, féeteek bëj-saalum.
4 Buur Og ma yilif Basan ca la. Moo
bokk ca ndesu Refayeen ña, te amoon kër
ca Astarot ak ca Eddrey.
5 Og moo moomoon tundu Ermon ak
dëkk ba ñu naa Salka, ak diiwaanu Basan
bépp, ba fa mu digalook Gesureen ñaak
Maakateen ña, teg ca genn-wàllu tundu
Galàdd, fa mu digalook réewum Sixon
buurub Esbon.
6 Buur Sixon ak Buur Og, Musaa jaamub
Aji Sax ji ak bànni Israayil ñoo leen duma
woon. Seen réew la Musaa jaamub Aji Sax
ji sédd giirug Ruben ak giiru Gàdd ak
genn-wàllu giirug Manase.
7 Buuri réew yi Yosuwe ak bànni Israayil
duma ca tàkkug sowub dexu Yurdan nag,
mooy ñii ñu lim ci suuf, te seeni réew dale
woon Baal Gàdd ca xuru Libaŋ, ba ca
tundu Alag, wa ñuy yéeg jëm Seyir. Yosuwe
nag jox réew moomu bànni Israayil, ñu
séddoo, giir gu ci nekk ak céram.
8 Mooy weti diiwaanu tund ya ak suufu
tund ya, ak xuru dexu Yurdan ak mbartali
tund ya ak màndiŋu Yuda ak àllub Negew,
ña fa dëkke di Etteen ñaak Amoreen ñaak

Kanaaneen ñaak Periseen ñaak Eween
ñaak Yebuseen ña. Buur ya ñu fa duma di:
9 buurub Yeriko ak buurub Ayi ga ca
wetu Betel,
10 ak buurub Yerusalem ak buurub
Ebron,
11 ak buurub Yarmut ak buurub Lakis,
12 ak buurub Eglon ak buurub Geser,
13 ak buuru Debir ak buurub Geder,
14 ak buurub Xorma ak buurub Aràdd,
15 ak buurub Libna ak buurub Adulam,
16 ak buuru Makeda ak buuru Betel,
17 ak buurub Tapuwa ak buurub Efer,
18 ak buurub Afeg ak buurub Lasaron,
19 ak buuru Madon ak buurub Àccor,
20 ak buurub Simron Meron ak buurub
Agsaf,
21 ak buurub Taanag ak buuru Megido,
22 ak buurub Kedes ak buurub
Yogneyam ca tundu Karmel,
23 ak buuru Dor ca goxub Dor, ak
buurub Goyim ca Gilgal,
24 ak buurub Tirca. Buur yépp di
fanweer ak benn.

# 13

### *Diiwaan yii la Israayil nangoogul woon*

1 Gannaaw loolu Yosuwe dem na bay
mag, ba làq at yu bare. Aji Sax ji ne ko:
«Léegi mag nga, làq nga at yu bare, te
ndesu réew mi ngeen nangoogul yaatu na
lool.
2 Ndesu réew mi ngeen nangoogul mooy
mboolem goxi Filisteen ñi ak mboolem
goxi Gesureen ñi.
3 Mooy diiwaan ba ñu ne Kanaaneen ñee
ko moom, te mu dale dexu Sixor ga janook
Misra, ba fa mu digaloojeek Ekkron ca
bëj-gànnaar. Réew moomu la juróomi
garmiy Filisteen ña teg tànk, dëkk ya ca
seen kilifteef di Gasa ak Asdodd ak
Askalon ak Gaat ak Ekkron, ak réewum
Aween ña
4 féete bëj-saalum. Feneen fu ngeen wara
nangu mooy réewu Kanaaneen ma dale
Meyara gi waa Sidon moom, ba ca Afeg ga
digalook Amoreen ña,
5 ak réewu waa Gebal ak penkub Libaŋ
gépp, la dale Baal Gàdd ca suufu tundu
Ermon, àkki ba Buntu Amat.
6 Nga boole ca mboolem diiwaanu tund
ya ca diggante Libaŋ ak Misrefot Mayim,
te waa Sidon dëkke fa. Man ci sama bopp
maa fay dàqal bànni Israayil giir yooyu.
Boo yeboo nga def li ma la sant rekk, tegal
leen réew mi bant, séddale ko.
7 Kon nag dogal réew mi ay céri suuf, te
séddale ko juróom ñeenti giir yi, ñook
genn-wàll giirug Manase.»

### *Lii mooy suufas giir ya des ca penkub Yurdan*

8 Fekk na genn-wàllu giirug Manase ga
ca des ak giirug Ruben ak giiru Gàdd jot
nañu seeni cér yi leen Musaa joxoon ca
penkub dexu Yurdan, noonee leen ko
Musaa jaamub Aji Sax ji féetalee woon.
9 Seeni suuf a nga dale woon Arower, fa
feggook dexu Arnon, ak dëkk ba ca digg
xur woowa, boole ca joor ga ca diggante
dëkk ba ñu naa Medeba ak dëkk ba ñu naa
Dibon,
10 ak mboolem dëkki Sixon buurub
Amoreen ba moomoon Esbon, ba fa
digalook giirug Amon.
11 Leneen lu ca bokk di réewu Galàdd ak
réewu Gesureen ñaak Maakateen ñaak
tundu Ermon ba bépp, ak mboolem
diiwaanu Basan ga dem ba Salka.
12 Mooy mboolem moomeelu Buur Og
Refayeen boobee mujjoona falu fa Basan,
te Astarot ak Eddrey di ay péeyam. Musaa
moo duma woon buur yooyu, ba nangu
seeni réew.
13 Waaye bànni Israayil nanguwuñu
réewi Gesureen ñi ak Maakateen ñi, te
looloo waral ñu dëkk ci biir Israayil ba
sunu jonni yàllay tey.
14 Du benn céru suuf nag bu ñu sédd
giirug Lewi, ndax saraxi sawara yu Yàllay
Israayil mooy céru Leween ñi, na ko Aji
Sax ji waxe ci ñoom.

### *Lii mooy suufas giirug Ruben*

15 Suuf sa Musaa séddoon giirug Ruben,
làng gu ci nekk ak wàllam,
16 moo dale Arower, ca wetu dexu
Arnon, ak dëkk ba ca digg xur woowa ak
mboolem joor ga ca Medeba.
17 Esbon ca la, ak mboolem dëkk-dëkkaan
ya ca jooram ga. Muy Dibon ak Bamot
Baal ak Bet Baal Mewon
18 ak Yaxacc ak Kedemot ak Mefaat
19 ak Kiryaatayim ak Sibma ak Ceret
Saxar ga ca kaw tund wa tiim xur wa.

[20] Bet Pewor bokk na ca, ak mbartali
Pisga ak Bet Yesimot
[21] ak dëkki joor ga yépp ak mboolem
réewum Sixon buurub Amoreen ba
moomoon Esbon. Kooku la Musaa duma
woon, ba dumawaale kilifay waa Majan
ya doon ay kàngamam, te dëkkoon ca réew
ma, di Ewi ak Rekem ak Cur ak Ur ak Reba.
[22] Ña bànni Israayil rey, gisaanekat ba,
Balaam doomu Bewor ma ñu jam saamar
ca la.
[23] Suufas giirug Ruben ma nga yemoon
ca dexu Yurdan. Dëkk yooyu ak gox yooyu
ñu tudd ñoo doon cér ba làngi giirug Ruben
séddoo, làng gu ci nekk ak wàllam.

*Lii mooy suufas giiru Gàdd*

[24] Musaa moo jox làngi giiru Gàdd seen
cér, làng gu ci nekk ak wàllam.
[25] Seen suuf doon diiwaanu Yaser ak
dëkki diiwaanu Galàdd yépp ak genn-wàllu
réewum Amoneen ña, ba ca Arower ca
wetu Raba,
[26] ak itam la dale Esbon ba Ramat Mispe
ak Betonim, booleek li tàmbalee
Maxanayim, ba fa digalook Debir,
[27] ak la ca xuru Yurdan, di gox ya ñuy
wax Bet Aram ak Bet Nimra ak Sukkót ak
Cafon, te bokkoon ca nguurug Sixon ma
moomoon Esbon. Diiwaan booboo nga
féete woon dexu Yurdan penku, leru ko ba
ca dexu Kineret.
[28] Dëkk yooyu ak gox yooyu ñoo doon cér
ba làngi giiru Gàdd séddoo, làng gu ci nekk
ak wàllam.

*Suuf sii la Musaa jox lenni giirug Manase*

[29] Musaa moo jox genn-wàllu giirug
Manase seen cér, làng gu ci nekk ak wàllam.
[30] Seen suuf a nga dale woon
Maxanayim, boole ca diiwaanu Basan
gépp, mboolem réewu Og buuru Basan,
boole ca juróom benn fukki dëkk yu ndaw
ya ca diiwaanu Yayir, te bokk ci Basan.
[31] Genn-wàllu diiwaanu Galàdd itam ca
la, ak Astarot ak Eddrey, di dëkki Og buuru
Basan. Réew moomu mépp lañu jox
genn-wàllu askan wa soqikoo ca Makir
doomu Manase, làng gu ci nekk ak wàllam.
[32] Loolu mooy cér yi Musaa séddale
woon ca joori Mowab, fa féeteek penkub
dexu Yurdan.
[33] Waaye giirug Lewi, Musaa séddu leen.
Aji Sax ji Yàllay Israayil ci boppam moo
doon seen cér, noonu mu ko waxe woon ci
ñoom.

# 14

*Séddoo nañu réewum Kanaan*

[1] Lim bii nag mooy limu suuf yi bànni
Israayil nangoo réewum Kanaan, muy
seen cér. Elasar sarxalkat ba ak Yosuwe
doomu Nuun ak ña yilif giiri maam ya ca
bànni Israayil, ñoo leen ko séddale.
[2] Na ko Aji Sax ji santaanee, Musaa
jottali, noonu lañu ko defe séddaleb tegoo
bant, ñeel juróom ñeenti giir ak genn-wàll
ya sédduwul woon.
[3] Fekk na Musaa séddale ñaari giir ak
genn-wàll suuf sa féete penkub dexu
Yurdan, waaye sédduloon giirug Lewi.
[4] Askanu Yuusufa nag ñaari giir lañu.
Giirug Manase ak giirug Efrayim, te
Leween ñi, joxeesu leen wàllu suuf ca réew
ma, lu moy ay dëkk yu ñu dëkke ak àlli
parlu ngir seenug jur ak seen alal.
[5] Noonee ko Aji Sax ji sante woon
Musaa, na la ko bànni Israayil defe, ba ñuy
séddale réew ma.

*Kaleb féetewoo na Ebron*

[6] Ci kaw loolu Yudeen ña dem fekki
Yosuwe ca Gilgal ci njiital Kaleb doomu
Yefune mi askanoo ci Kenas. Kaleb ne
Yosuwe: «Yaw de xam nga la Aji Sax ji
waxoon Musaa góoru Yàlla ga ci sunu
mbir, maak yaw, ca Kades Barneya.
[7] Ñeent fukki at laa amoon, ba ma
Musaa, jaamub Aji Sax ji di yebale Kades
Barneya, ngir ma nemmikuji réew mi. Ma
dem ba délsi, indil ko ca kàddu gu dëggu.
[8] Samay bokk ya ma àndaloon, ba ñuy
yoqiloo gàngoor ga, man maa taxaw temm,
topp sama Yàlla Aji Sax ji.
[9] Bésub keroog la Musaa giñ ne: “Suuf sa
nga teg tànk déy, sab cér lay doon yaak say
sët ba fàww, ndax yaa taxaw temm, topp
sama Yàlla Aji Sax ji.”
[10] Léegi nag Aji Sax jee sàmm sama
bakkan, na mu ko digee woon, ndax ba Aji
Sax ji waxee Musaa loola ak léegi ñeent
fukki at ak juróom la. Booba Israayil a nga
ca dox ba ca màndiŋ ma, te tey maa ngii ci
juróom ñett fukki at ak juróom.

11 Teewul na ma ame woon doole kera
ba ma Musaa yebalee, ni laa ame doole
tey jii, sama dooley kera di sama dooley
tey, may xare, di dem aka dikk.
12 Kon nag jox ma diiwaanu tund yii Aji
Sax ji waxoon bésub keroog. Yaa dégg
bésub keroog ne, Anageen ñaa fa nekk ci ay
dëkk yu mag yu ñu dàbbalee ay tata, waaye
jombul Aji Sax ji ànd ak man, ma nangu ko
ci seeni loxo, na ko Aji Sax ji waxe woon.»
13 Ba loolu amee Yosuwe ñaanal Kaleb
doomu Yefune, jox ko Ebron, muy céru
suufam.
14 Moo tax ba tey jii Ebron ñeel Kaleb
doomu Yefune ji askanoo ci Kenas, ndax
moo taxawoon temm, topp Aji Sax ji Yàllay
Israayil.
15 Ebron, Kiryaat Arba la njëkkoona tudd
(muy firi dëkku Arba). Arba ku màgg la
woon ca Anageen ña. Ci kaw loolu xare ba
dal ca réew ma.

# 15

## *Suufas giirug Yudaa ngi*

1 Dogu suuf sa làngi giirug Yuda
muurloo ci ab tegoo bant moo ëmb dénd,
ba jëm bëj-saalum fa digalook Edom, ca
màndiŋu Ciin fa suuf-a-suuf ca bëj-saalum,
2 daleeti tefesu géeju Xorom ga, fa ndox
ma def ab coll jàkkaarlook bëj-saalum màkk,
3 wéy nag ba fa féeteek yéegub Akerabim
bëj-saalum, jaare Ciin, dem ba bëj-saalumu
Kades Barneya, neeti walbit jaare dëkk ba
ñu naa Esron, jëm Adar, dëngloo fa jëm
Karka.
4 Fa la wéye jaareji Asmon, génne walum
Misra ma, doora teere géej gu mag ga.
Foofa la kemu suufas Yuda wa féete
bëj-saalum jaaroon.
5 Seen kemu suuf sa ca wetu penku moo
doon géeju Xorom ga, ba foofee mu
jàpploojeek collub dexu Yurdan. Dig ba ca
bëj-gànnaar daleeti ca collub dexu Yurdan
boobee,
6 yéeg nag jëm Bet Ogla, jaare
bëj-gànnaaru Bet Araba, ba ca doj wa ñu
dippee Bowan mi bokk ci doomi Ruben yu
góor.
7 Ca la kem ga yéegati, wuti Debir, jaare
xuru Akor, ba noppi jàdd jëm Gilgal ca
bëj-gànnaar fa janook mbartalum
Adumim, féete wal ma bëj-saalum. Noona
mu jaare ca weti bëti ndoxi En Semes,
génneji En Rogel.
8 Foofa la jaare ca xuru Ben Inom, yéeg
tundu Yebuseen ña ca wetu bëj-saalumam,
muy fa Yerusalem nekk, wuti nag
njobbaxtalu tund wa janook xuru Inom ca
sowu, te féeteek fa xuru Refayeen ña yem
ca wetu bëj-gànnaaram.
9 Dig wa daldi jóge njobbaxtal googee,
wëndeelu wuti bëti ndoxi Neftowa, daldi
wéy wuti dëkki tundu Efron, doora jàdd
jëm Baala ga ñuy woowe Kiryaat Yarim
itam.
10 Baala googee la kem ga jàdde sowu
jubal tundu Seyir, daldi jaare ca wetu
tund Yarim, mooy tundu Kesaloŋ, ca wetu
bëj-gànnaaram, wàcceji nag ca Bet Semes,
romb Timna.
11 Dig wa jógeeti fa jaare dëkk ba ñu naa
Ekkron ca wetu bëj-gànnaaram, dënglu nag,
jëm Sikkron, jaare tundu Baala, jubal
Yabneel, doora génne ca géej gu mag ga.
12 Digu Sowu ba mooy tefesu géej gu
mag ga. Loolooy kemi suuf sa ñu féetale
làngi giirug Yuda ci wet gu nekk.

## *Kaleb jot na céram*

13 Kaleb doomu Yefune nag ñu jox ko
wàllam ci biir Yudeen ñi, na ko Aji Sax ji
sante woon Yosuwe, wàllam di Kiryaat
Arba ga ñu dippee Arba, maamu Anageen
ña, foofa dees na ko woowe Ebron itam.
14 Kaleb moo fa dàqe ñetti Anageen ña:
Sesay ak Aximan ak Talmay, ñuy góor ñu
sëtoo ci Anag.
15 Mu jóge ca dali ca kaw waa Debir;
Debir googu, Kiryaat Sefer la njëkkoona
tudd.
16 Kaleb nag ne: «Kiryaat Sefer gii de, ku
ko duma, ba nangu ko, sama doom Agsa
laa koy may jabar.»
17 Otniyel doomu Kenas miy mbokkum
Kaleb, moo nangu dëkk ba, Kaleb may ko
doomam Agsa, jabar.
18 Ba Agsa séysee kër Otniyel, ca la soññ
Otniyel, ngir mu ñaan Kaleb baayam ab
tool. Naka la Agsa cëppoo ca mbaamam,
Kaleb baayam laaj ko, ne ko: «Loo xewle?»
19 Mu ne: «Dimbalee ma lenn; yaa ma
may suufi bëj-saalum. Waaye damaa bëgg

nga mayaale ma ay déeg.» Mu daldi koy
may déeg ba ñuy wax déegub kaw ak ba
ñuy wax déegub suuf.
20 Lii moo doon céru suuf bi giirug Yuda
séddoo, làng gu ci nekk ak wàllam.
21 Dëkki giirug Yuda yi féete bëj-saalum,
bokk ci seen suuf, te digalook réewu Edom
ñoo doon: Kabcel ak Eder ak Yagur,
22 ak Kina ak Dimona ak Adada,
23 ak Kedes ak Àccor ak Yitnan,
24 ak Sif ak Telem ak Beyalot,
25 ak Àccor Adata ak Keryot Esron, di
Àccor ba tey,
26 ak Amam ak Sema ak Molada,
27 ak Àccar Gaada ak Esmon ak Bet Pelet,
28 ak Àccar Suwal ak Beerseba ak
Bisyotiya,
29 ak Baala ak Iyim ak Eccem,
30 ak Eltolat ak Kesil ak Xorma,
31 ak Ciglaag ak Madmana ak Sansana,
32 ak Lebawot ak Silxim ak Ayin ak
Rimon. Lépp di ñaar fukki dëkk ak juróom
ñeent yu ànd ak seen dëkk yu ndaw.
33 Dëkk yii ca suufu tund ya ca la:
Estawol ak Cora ak Asna,
34 ak Sanowa ak Enganim ak Tapuwa ak
Enam,
35 ak Yarmut ak Adulam ak Soko ak
Aseka,
36 ak Saarayim ak Aditayim ak Gedera
ak Gederotayim. Muy fukki dëkk ak ñeent
yu ànd ak seen dëkk yu ndaw.
37 Yeneen yu ca bokk di Cenan ak Adasa
ak Migdal Gàdd,
38 ak Dilan ak Mispe ak Yogteel,
39 ak Lakis ak Bocckat ak Eglon,
40 ak Kàbbon ak Laxmas ak Kittliis,
41 ak Gederot ak Bet Dagon ak Naama ak
Makeda. Muy fukki dëkk ak juróom benn
yu ànd ak seen dëkk yu ndaw.
42 Yeneen yu ca bokk di Libna ak Eter ak
Asan,
43 ak Yiftax ak Asna ak Neccib,
44 ak Keyla ak Agsib ak Maresa. Muy
juróom ñeenti dëkk yu ànd ak seen dëkk yu
ndaw.
45 Ekkron itam ca la, mook dëkkam ya ko
wër aki dëkk-dëkkaanam,
46 ak itam mboolem dëkk ya wër Asdodd
ak seeni dëkk-dëkkaan, te dale Ekkron, jëm
géej ca sowu,
47 ak Asdodd aki dëkkam aki
dëkk-dëkkaanam, ak Gasa aki dëkkam aki
dëkk-dëkkaanam, ba ca walu Misra, ba ca
wetu géej gu mag ga.
48 La ca féete diiwaanu tund ya mooy
Samir ak Yatir ak Soko,
49 ak Dana ak Kiryaat Sana, di Debir ba
tey,
50 ak Anab ak Estemo ak Anim,
51 ak Gosen ak Olon ak Gilo. Muy fukki
dëkk ak benn yu ànd ak seen dëkk yu ndaw.
52 Yeneen dëkk yu ca bokk di Arab ak
Duuma ak Esan,
53 ak Yanum ak Bet Tapuwa ak Afeka,
54 ak Umta ak Kiryaat Arba, di Ebron ba
tey, ak Ciyor. Muy juróom ñeenti dëkk yu
ànd ak seen dëkk yu ndaw.
55 Yeneen dëkk yu ca bokk di Mawon ak
Karmel ak Sif ak Yuta,
56 ak Yisreel ak Yogdeyam ak Sanowa,
57 ak Kayin ak Gibeya ak Timna, di fukki
dëkk yu ànd ak seen dëkk yu ndaw.
58 Yeneen yu ca bokk di Xalul ak Bet Cur
ak Gedor,
59 ak Maarat ak Bet Anot ak Eltekon, di
juróom benni dëkk yu ànd ak seen dëkk yu
ndaw.
60 Yeneen dëkk yu ca bokk di Kiryaat
Baal, muy Kiryaat Yarim ba tey, ak Raba.
Muy ñaari dëkk yu ànd ak seen dëkk yu
ndaw.
61 La ca féeteek màndiŋ ma dëkk yii la:
Bet Araba ak Midin ak Sekaka,
62 ak Nibsan ak Ir Amela ak Engedi.
Muy juróom benni dëkk yu ànd ak seen
dëkk yu ndaw.
63 Waaye Yebuseen ña dëkkoon
Yerusalem, Yudeen ña manuñu woon
leena dàq. Moo tax Yudeen ñi bokk dëkk
ak Yebuseen ñi biir Yerusalem, ba sunu
jonni yàllay tey.

# 16

*Suufas Efrayim ak Manase*

1 Dogu suuf ba giirug Yuusufa muurloo
ci ab tegoo bant, ma nga dale woon dexu
Yurdan ca wetu Yeriko, fa féete bëti ndoxi
Yeriko penku. Kemu suuf ba ma nga jaare
màndiŋ ma, yéegi ca diiwaanu tundu Betel,
2 daldi bàyyikoo Betel, wéy ba dëkk ba ñu
naa Lus, ba ca kemu réewu Arkeen ña ca
Atarot,

3 daldi wàcce ca sowu, jëm kemu réewum
Yafleteen ña, dem ba feggook diiwaanu
Bet Oron Suuf, jàll ba Geser, doora génni
ca géej gu mag ga.
4 Loolu mooy céru suuf bi giirug Yuusufa
muurloo, ci wàllu Manase ak Efrayim.
5 Digu suuf si giirug Efrayim séddoo làng
ak làng nag nii la tëdde: Seen kemu suuf a
nga jóge Aterot Adar ca wetu penku, ba ca
Bet Oron Kaw,
6 daldi jàll ba géej. Wetu bëj-gànnaar,
Migmetat la kem ga jaare, jàdd, jëm Taanat
Silo ga mu jéggee ca wetu penkoom, wuti
Yanowax.
7 Fa la kem ga wàcce, jubal Atarot ak
Naara, feresuji Yeriko, génneji nag dexu
Yurdan.
8 Kem ga bàyyikoo Tapuwa, jëm sowu ba
ca walum Kana, fëlleji géej. Loolooy céru
suufu giirug Efrayim, làng ak làng.
9 Giirug Efrayim amoon nañu itam ay
dëkk yu ñu leen dogalal ci wàllu giirug
Manase, dëkk bu ci nekk ànd ak ay dëkkam
yu ndaw.
10 Waaye Efraymeen ña ñoo tëlee nangu
Geser ca loxoy Kanaaneen ña fa dëkkoon.
Looloo waral Kanaaneen ñi dëkk ci biir
giirug Efrayim, ba tey jii. Terewul giirug
Efrayim teg leen liggéeyu sañul-bañ.

# 17

1 Lii mooy muuru giirug Manase ba ñu
ko tegoo bant, ndax moo doon taawu
Yuusufa bu góor. Baayu Galàdd, Makir miy
taawu Manase nag jàmbaaru xare la woon,
ba tax ñu sédd ko diiwaanu Galàdd ak
Basan.
2 Ca lañu joxe nag céri ña des ca giirug
Manase, làng ak làng. Ñooñoo di góor ñi
Manase doomu Yuusufa ju góor di seen
maam, te ñu askanoo ci Abiyeser ak Eleg
ak Asriyel ak Sikem ak Efer ak Semida, ku
ci nekk ak làngam.
3 Ku góor ku ñuy wax Celofat nag
amuloon doom yu góor, xanaa aw jigéen
rekk. Celofat mooy doomu Efer, Efer di
doomu Galàdd, Galàdd di doomu Makir,
Makir di doomu Manase. Turi doomam
yu jigéen di Maxla ak Nowa ak Ogla ak
Milka ak Tirca.
4 Ñooñu nag ànd fekki Elasar sarxalkat
ba, ak Yosuwe doomu Nuun, ak kilifa ya.
Ñu ne leen: «Aji Sax ji dafa santoon Musaa
mu jox nu ab céru suuf ni góor ñi nu
bokkal.» Ñu daldi leen jox ab cér ni seen
bokki baay yu góor, na ko Aji Sax ji diglee.
5 La giirug Manase muurloo fukki gox
la, te bokkul ak diiwaanu Galàdd ak Basan
ba ca wàllaa dexu Yurdan.
6 Sëti Manase yu jigéen ya am nañu ca ab
cér, ni sëtam yu góor. Diiwaanu Galàdd nag
sëti Manase yu góor ya ca des ñoo ko
féetewoo.
7 Dogu suufas Manase ma nga dale
woon Aser ba Migmetat ga ca penkub
Sikem, daldi jubal ndijoor, jëm fa waa En
Tapuwa dëkke.
8 Diiwaanu Tapuwa, giirug Manasee ko
moomoon, waaye dëkkub Tapuwa bu mag
boobee diiwaanu Manase jeexe, giirug
Efrayim a ko moomoon.
9 Foofa la kem ga wàcce ba ca walum
Kana, fa féete wal ma bëj-saalum. Yooyu
dëkk ca biir suufas Manase la nekkoon,
doonte giirug Efrayim a ko moomoon.
Digu giirug Manasee nga jaare ca
bëj-gànnaaru wal ma, génneji géej.
10 Efrayim moom la féete bëj-saalum,
Manase moom la féete bëj-gànnaar, géej ga
di kemu sowoom. Suufas giirug Manase,
sos Aser la taqalool woon ca bëj-gànnaar,
ca penku mu taqalook sos Isaakar.
11 Manase nag teg ca féetewoo dëkk yii ñu
wàññee ci céru giirug Isaakar ak gog Aser,
ñu di: Bet San ak dëkk ya ko wër, ak Yiblam
ak dëkk ya ko wër, ak Dor ak Endor ak dëkk
ya ko wër, ak Taanag ak dëkk ya ko wër, ak
Megido ak dëkk ya ko wër, muy ñetti
diiwaan.
12 Manaseen ña nag tëlee nangu dëkk
yooyu ci loxoy Kanaaneen ña fa dëkkoon,
Kanaaneen ña ŋoy ca réew ma rekk.
13 Bànni Israayil mujj nañu am doole sax
ba sas Kanaaneen ña liggéeyu sañul-bañ,
waaye manuñu leen faa dàqe.
14 Ci biir loolu Yuusufeen ña àkki
Yosuwe, ne ko: «Lu tax joxoo nu lu dul
benn cér, benn pàcc kese, te Aji Sax ji
barkeel nu ba tey nu di askan wu yaa?»
15 Yosuwe ne leen: «Ndegam seen askan
daa yaa ba xajatuleen tundu Efrayim,
demleen boog ca gott ba, ngeen goral fa

seen bopp ab sanc, ca suufas Periseen
ñaak Refayeen ña.»
16 Yuusufeen ña ne ko: «Diiwaanu tund ya
kay du nu doy, te mboolem Kanaaneen ñi
dëkke joor gi, ay watiiri xarey weñ lañu
am; muy Bet San ak dëkk yi ko wër, di
jooru Yisreel.»
17 Yosuwe nag wax waa kër Yuusufa
yooyee di Efraymeen ñaak Manaseen ña,
ne leen: «Yeen kay askan wu yaa ngeen, te
bare doole. Dungeen yem ci benn cér
moos,
18 waaye yeenay moom tund wi. Dëgg la,
ab àll la waaye dangeen koy gor, dëkke ba
fa mu yem. Te itam man ngeena dàq
Kanaaneen ñi, doonte ay watiiri xarey
weñ lañu am, te ñu am doole lañu.»

# 18

### *Lii mooy suufi giir yi sédduwuloon*

1 Ba loolu amee mbooloom Israayil ma
mépp daje ca dëkk ba ñu naa Silo. Ñu samp
fa xaymab ndaje ma. Booba réew ma ñooy
boroom,
2 waaye desoon na ci bànni Israayil
juróom ñaari giir yu jotagul woon seen
céru suuf.
3 Yosuwe ne bànni Israayil: «Lu ngeen
deeti yeexantu, baña dem nanguji réew mi
leen Aji Sax ji seen Yàllay maam sédde?
4 Tànnleen ñetti góor ci giir gu nekk, ma
yebal leen, ñu dem wër réew mi, daldi rëdd
ni ñu koy séddalee seeni giir. Su ñu noppee,
délsi ci man.
5 Nañu ko séddale juróom ñaari pàcc, te
giirug Yuda yem ca suufam sa ca
bëj-saalum, waa kër Yuusufa yem ca seen
suuf sa ca bëj-gànnaar.
6 Gannaaw bu ngeen rëddee séddaleb
réew mi, def ko juróom ñaari pàcc nag,
indilleen ma ko fii, ma tegal leen ko bant
ci sunu kanam Yàlla Aji Sax ji.
7 Waaye Leween ñi amuñu benn céru
suuf ci seen biir. Carxalal Aji Sax ji mooy
seenub cér, te Gàdd ak Ruben ak
genn-wàllu giirug Manase jot nañu seen
cér ya leen Musaa, jaamub Aji Sax ji
joxoon ca penkub dexu Yurdan.»
8 Gannaaw loolu gaa ña ñu sant ñu rëddi
séddaleb réew ma daldi fabu, ngir dem.
Yosuwe sant leen ne leen: «Dangeen di dem
wëri réew mi, bu ngeen rëddee ab
séddaleem ba délsi ci man, ma tegal leen ko
bant ci kanam Aji Sax ji, fii ci Silo.»
9 Gaa ña nag dem, wër réew ma, daldi
rëdd ab séddaleem juróom ñaari pàcc ci téere
bu ñu taxañ. Ci kaw loolu ñu dellu ca
Yosuwe, ca dal ba ca Silo.
10 Yosuwe tegal leen ko bant ca Silo, fa
kanam Aji Sax ji. Foofa la Yosuwe séddale
bànni Israayil réew ma, giir gu ci nekk ak
céram.

### *Lii mooy céru suufas Beñamin*

11 Céru suuf bi giirug Beñamin muurloo,
làng gu ci nekk ak wàllam moo ca njëkka
génn. Suuf sa ñu muurloo ma nga nekkoon
diggante suufas giirug Yuda ak sos giirug
Yuusufa.
12 Wetu bëj-gànnaar, seen kemu suuf a
nga dale woon dexu Yurdan, yéegi fa
féeteek bëj-gànnaaru Yeriko, jéggi diiwaanu
tund ya ca sowu, daldi teereji ca màndiŋu
Bet Awen.
13 Kem ga jaare fa, jubal bëj-saalum, wuti
Lus, ba ca mbartalum Lus, foofa ñu naa
Betel. Mu door faa wàcce, jëm Aterot Adar
ga ca kaw tund wa féete Bet Oron Suuf
bëj-saalum.
14 Ca sowub tund woowee la kem ga
jàdde jëm bëj-saalum, jaareji tund wa
janook Bet Oron, ba teereji Kiryaat Baal
ga ñu naa Kiryaat Yarim ba tey, te giirug
Yuda moomoon ko. Foofa la kemu
sowoom jaare woon.
15 Wetu bëj-saalum, kem gaa nga dale
woon ca catu Kiryaat Yarim la féete sowu,
génneji ca bëti ndoxi Neftowa.
16 Foofa la wàcce ca suufu tund wa tiim
xuru Inom, fa féete xuru Refayeen ña
bëj-gànnaar. Kem ga wàcce ca xuru Ben
Inom, fa féeteek mbartalum Yebuseen ña
bëj-saalum, wàccati ba En Rogel.
17 Mu jàdd nag bëj-gànnaar, wuti En
Semes, teg ca Gelilot, fa janook
mbartalum Adumim, daldi wàcceji ca doj
wa ñu dippee Bowan mi bokk ci doomi
Ruben yu góor ya.
18 Kem ga nag jaareji ca mbartalum
bëj-gànnaaru tund wa tiim xuru Yurdan,
daldi wàcc ca xur wa.
19 Mu wéyeeti fa, jaare mbartalum
bëj-saalum mu tundu Bet Ogla, doora

teereji ca catal géeju Xorom ga, ca
bëj-gànnaar, foofa dexu Yurdan ga wale
fekksi géej ga. Foofa la kemu bëj-saalum wa
jaare.
20 Ca wetu penku, dexu Yurdan gaa
doon kem ga. Looloo doon cér ba giirug
Beñamin féetewoo, làng gu ci nekk ak
wàllam, aki kemam, wetoo wet.
21 Dëkk yi giirug Beñamin séddoo, làng ak
làng, ñoo doon Yeriko ak Bet Ogla ak Emeg
Kecicc,
22 ak Bet Araba ak Cemarayim ak Betel,
23 ak Awim ak Para ak Ofra,
24 ak Kefar Amona ak Ofni ak Geba. Ñu
di fukki dëkk ak ñaar ak seeni dëkk-dëkkaan.
25 Gabawon ca la bokk ak Raama ak
Beerot,
26 ak Mispe ak Kefira ak Mocca,
27 ak Rekem ak Irpel ak Tarala,
28 ak Cela ak Elef ak Yebus, di Yerusalem
ba tey, ak Gibeya ak Kiryaat. Muy fukki
dëkk ak ñeent ak seeni dëkk-dëkkaan.
Looloo doon céru giirug Beñamin, làng gu
ci nekk ak wàllam.

# 19

### *Lii mooy suufas Simeyon*

1 Ñaareelu cér ba la Simeyon muurloo,
mu ñeel giirug Cimyoneen ña ak seeni
làng. Seen céru suuf a nga woon ca biir
céru Yudeen ña.
2 Seenub cér a doon Beerseba ak Seba ak
Molada,
3 ak Àccar Suwal ak Bala ak Eccem,
4 ak Eltolat ak Betul ak Xorma,
5 ak Ciglaag ak Bet Markabot ak Àccar
Susa,
6 ak Bet Lebawot ak Saruxen. Mu di
fukki dëkk ak ñett ak seeni dëkk-dëkkaan.
7 Ayin ca la, ak Rimon ak Eter ak Asan.
Mu di ñeenti dëkk ak seeni dëkk-dëkkaan.
8 Ñu boole ca nag mboolem dëkk-dëkkaan
ya wër yooyu dëkk, ba ca Baalat Ber ga ca
Ramat Negew. Looloo doon céru suufu
giirug Cimyoneen ñi, làng gu ci nekk ak
wàllam.
9 Céru suufas giirug Yudeen ñi, ca la céru
suufas Cimyoneen ñi génne, ndaxte céru
Yudeen ñaa réyoon ba ëpp Yudeen ña. Moo
tax Cimyoneen ña jële seenub cér ca biir
céru Yudeen ña.

### *Lii mooy céru suufas Sabulon*

10 Ñetteelu cér ba génn, giirug Sabulon a
ko muurloo, làng gu ci nekk ak wàllam.
Seen kemu suuf demoon na ba gox ba ñuy
wax Saridd.
11 Fa la seen kemu suuf yéege jublu
sowu ca Marala, dem ba cof Dabeset ak
wal ma féete ca penkub Yogneyam.
12 Ca wàllaa Saridd la kem ga dëngloo,
wuti penku, bay digalook diiwaanu Kislot
Tabor, doora jubal ba Dabraat, daldi yéegi
ba Yafya.
13 Kem ga bàyyikoo ca jaare penkub jant,
ba Gaat Efer, ba Et Kaccin. Mu fëlleji nag
Rimon, door faa lajje, jëm Neya.
14 Wetu bëj-gànnaar, kem ga daa wër
Anaton, ba fëlleji ca xuru Iftayel.
15 Ñu boole ca Katat ak Nayalal ak
Simron ak Idala ak Betleyem. Muy fukki
dëkk ak ñaar ak seeni dëkk-dëkkaan.
16 Loolooy céru suufas Cabuloneen ñi,
làng gu ci nekk ak wàllam. Dëkk yooyoo, ak
seeni dëkk-dëkkaan.

### *Lii mooy suufas giirug Isaakar*

17 Ñeenteelu cér ba génn, giirug Isakareen
ñaa ko muurloo, làng gu ci nekk ak wàllam.
18 Seen suuf a boole Yisreel ak Kesulot
ak Sunem,
19 ak Afrayim ak Siyon ak Anaarat,
20 ak Rabit ak Kisiyoŋ ak Abecc,
21 ak Remet ak Enganim ak En Ada ak
Bet Pàccecc.
22 Seen kemu suuf daa feresu Tabor ak
Saxacima ak Bet Semes, ba fëlleji dexu
Yurdan. Muy fukki dëkk ak juróom benn
ak seeni dëkk-dëkkaan.
23 Looloo doon céru giirug Isakareen ñi,
làng gu ci nekk ak wàllam. Muy dëkk yeek
seeni dëkk-dëkkaan.

### *Lii mooy suufas giirug Aser*

24 Juróomeelu cér ba génn, giirug Asereen
ñaa ko muurloo, làng gu ci nekk ak wàllam.
25 Seen suuf a boole Elkat ak Ali ak
Beten ak Agsaf,
26 ak Alameleg ak Amat ak Misal. Kem
ga dem ba leruji suufu tundu Karmel ca
sowu, ca walum Sixor Libnat.
27 Kem ga jàdd penku wuti dëkk ba ñu
naa Bet Dagon, te digalooji ak suufas
Sabulon, ak xuru Iftayel, wuti bëj-gànnaar
ca Bet Emeg ak Neyel, tàllal nag, ba Kabul
ca càmmoñ,

28 ak Abdon ak Rexob ak Amon ak Kana,
ba ca Sidon gu mag ga.
29 Kem ga jàdd, wuti Raama, teg ca Tir,
dëkk ba tata wër, doora jëm Osa, àkkeji géej,
jaare ko Mexeleb ak Agsib,
30 jaareeti Uma ak Afeg ak Rexob. Muy
ñaar fukki dëkk ak ñaar ak seeni
dëkk-dëkkaan.
31 Looloo doon céru giirug Asereen ñi,
làng gu ci nekk ak wàllam. Dëkk yooyoo, ak
seeni dëkk-dëkkaan.

*Lii mooy suufas giirug Neftali*

32 Neftaleen ñaa muurloo juróom
benneelu cér ba génn, làngi Neftali ya bokk
ko ca seen biir.
33 Seen kem gaa nga dale woon ca Elef,
jaare ca garab gu mag ga ca dëkk ba ñu
naa Caananim, teg ca Adami Nekeb ak
Yabneel, ba ca Lakum, daldi fëlleji dexu
Yurdan.
34 Wetu sowu, kem gaa nga jaare Asnot
Tabor, jógeeti fa jëm Ukog, dem ba
digalook Sabulon ca bëj-saalum,
digaloojeek Aser ca sowu, digalootijeek
Yurdan ca penku.
35 Seen dëkk yi tata wër ñoo doon Cidim
ak Cer ak Amat ak Rakkat ak Kineret,
36 ak Aadama ak Raama ak Àccor,
37 ak Kedes ak Eddrey ak En Àccor,
38 ak Yiroŋ ak Migdal El ak Orem ak Bet
Anat ak Bet Semes. Muy fukki dëkk ak
juróom ñeent ak seeni dëkk-dëkkaan.
39 Looloo doon céru giirug Neftaleen ñi,
làng gu ci nekk ak wàllam. Muy dëkk yeek
seeni dëkk-dëkkaan.

*Lii mooy suufas giirug Dan*

40 Giirug Daneen ñaa muurloo cérub
juróom ñaareel ba génn, làngi Daneen ña
bokk ko ca seen biir.
41 Seen suuf a boole woon Cora ak
Estawol ak Ir Semes,
42 ak Saalabin ak Ayalon ak Yitla,
43 ak Elon ak Timna ak Ekkron,
44 ak Elteke ak Gibeton ak Baalat,
45 ak Yewut ak Bene Berag ak Gaat
Rimon,
46 ak Me Yarkon ak Rakkon, fa janook
Yafa.
47 Gannaaw gi la suufas Daneen ñi rëcc
Daneen ñi. Ba loolu amee Daneen ña jóg
xarejeek dëkk ba ñu naa Lesem, nangu ko,
leel waa Lesem ñawkay saamar. Ñu daldi
aakimoo foofa, sance. Ba mu ko defee ñu
dippee Lesem Dan, seen maam.
48 Looloy céru giirug Dan, làng gu ci
nekk ak wàllam. Dëkk yooyoo, ak seeni
dëkk-dëkkaan.

*Yosuwe jot na ci dëkkam*

49 Gannaaw ba bànni Israayil pàccoo
réew ma ba noppi, dogal nañu Yosuwe
doomu Nuun ab cér ci seen biir suuf.
50 Na ko Aji Sax ji santaanee woon, na
lañu ko joxe dëkk ba mu laajoon, muy
Timnat Sera ga ca diiwaanu tundu
Efrayim. Yosuwe nag tabaxaat dëkk ba,
sance.
51 Looloo doon céri suuf ya ñu séddalee
ab tegoo bant, ca kanam Aji Sax ji, ca Silo,
foofa ca bunt xaymab ndaje ma, ca njiital
Elasar sarxalkat ba, ak Yosuwe doomu
Nuun, ak kilifay bànni Israayil ya jiite
woon seeni kër maam.
Noonu lañu sottale séddale réew ma.

# 20

*Tànn nañu ay dëkki rawtu*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji dafa
wax Yosuwe, ne ko:
2 «Waxal bànni Israayil ne leen, ñu tànn
dëkki rawtu yi ma leen santoon ci jottalib
Musaa,
3 ngir ku rey nit ci njuumte lu dul
coobareem, man faa rawi. Béreb yooyooy
doon seen rawtu yu leen di musal ci kuy
toppe bakkanu ku ñu rey.
4 Bu ki rey dawee ba ca yooyu dëkk
benn, day taxaw ca buntu dëkk ba. Su ko
defee day diis magi dëkk booba mbiram.
Nañu ko fat ca dëkk ba, may ko béreb bu
mu dëkke ca seen biir.
5 Bu ko fa kiy toppe bakkan toppsee, bu
ñu ko teg ciy loxoom, ndegam du ci
coobareem la rey moroomam te teyu ko,
fekkul it mu bañ ko démb ak bërki-démb.
6 Ca biir dëkk ba lay toog ba keroog ñu di
ko àtte ca kanam mbooloo ma, ba keroog
sarxalkat ba mbiram yemool faatu. Su
boobaa ka rey man naa ñibbi këram, ca
dëkkam ba mu dawe woon.»
7 Noonu lañu bere dëkk yii: Kedes ga ca
diiwaanu tundi Neftali ca Galile, ak Sikem
ga ca diiwaanu tundi Efrayim, ak Kiryaat
Arba, di Ebron ga ca diiwaanu tundi Yuda.

8 Ca wàllaa dexu Yurdan, fa féete Yeriko
penku, Beccer lañu fa tànne ca màndiŋ ma
ca kaw joor ga giirug Ruben séddoo, ak
Ramot ga ca Galàdd, te bokk ci suufas giiru
Gàdd, ak Golan ga ca diiwaanu Basan, te
bokk ci suufas giirug Manase.
9 Loolooy dëkk yi ñu dogalal mboolem
bànni Israayil ak doxandéem yi dëkk ci
seen biir, ba képp ku rey nit ci njuumte,
man faa rawi, ba kiy toppe bakkanu ka
dee bañ koo rey, bala ñu koo àtte ca
kanam mbooloo ma.

# 21

## *Dëkki Leween ñi*

1 Ci kaw loolu ñi jiite seen kër maam ci
Leween ñi fekki Elasar sarxalkat bi, ak
Yosuwe doomu Nuun, ak ña jiite seen kër
maam ci giiri bànni Israayil yi ci des.
2 Ñu wax leen ca Silo ca réewum Kanaan,
ne leen: «Aji Sax jee santaane woon,
Musaa jottali, ne ñu jox nu ay dëkk yu nu
dëkke yu ànd ak seen àlli parlu ngir sunug
jur.»
3 Ca la bànni Israayil daggale Leween ñi
ci seen céru suuf ci ndigalal Aji Sax ji, ba
jox leen ay dëkk ak seen àlli parlu.
4 Céru Leween ba njëkka génn, làngi
Keyat a ko muurloo. Sëti Aaróona
sarxalkat ba, muurloo ca fukki dëkk ak
ñett yu jóge ca cérub giirug Yuda ak giirug
Simeyon ak giirug Beñamin.
5 Ña des ca Keyateen ña muurloo fukki
dëkk yu bawoo ca làngi giirug Efrayim ak
giirug Dan ak genn-wàllu giirug Manase.
6 Gersoneen ña muurloo fukki dëkk ak
ñett yu jóge ci làngi giirug Isaakar ak giirug
Aser ak giirug Neftali ak genn-wàllu giirug
Manase ga ca Basan.
7 Ci biir loolu Merareen ñaak seeni làng
jot fukki dëkk ak ñaar yu bawoo ca giirug
Ruben ak giiru Gàdd ak giirug Sabulon.
8 Bànni Israayil moo jox Leween ñi
yooyu dëkk ak seen àlli parlu, tegal leen ko
bant na ko Aji Sax ji santaanee, Musaa
jottali.
9 Dëkk yii nag lañu jële ca giirug Yudeen
ña ak giirug Cimyoneen ña.
10 Ñu jagleel dëkk yooyu Leween ñi sëtoo
ci Aaróona te askanoo ci làngi Keyat, ndax
cér ba njëkka génn ñoo ko muurloo.
11 Ñoom lañu jox Kiryaat Arba ga ca
diiwaanu tundi Yuda, di Ebron ba tey,
boole kook àll yi ko wër. Arba mooy
maamu Anageen ñi.
12 Waaye tooli dëkk ba ak dëkk-dëkkaan
ya, Kaleb doomu Yefune lañu ko jox, mu
jagoo.
13 Sëti Aaróona sarxalkat ba, lañu jox
Ebron, muy dëkkub rawtub ku rey nit,
mooki àllam, ak Libna aki parloom
14 ak Yatir aki parloom ak Estemowa aki
parloom
15 ak Olon aki parloom ak Debir aki
parloom
16 ak Ayin aki parloom ak Yuta aki
parloom ak Bet Semes aki parloom. Muy
juróom ñeenti dëkk yu ñu jële ci ñaari giir
yooyu.
17 Dëkk ya ñu jële ca giirug Beñamin ñoo
di Gabawon ak parloom ak Geba aki
parloom
18 ak Anatot aki parloom ak Almon aki
parloom, muy ñeenti dëkk.
19 Mboolem dëkki sëti Aaróona sarxalkat
ba, fukk laak ñett, ànd ak seeni parlu.
20 Leween ñi ci des, di waa làngi
Keyateen ñi askanoo ci Keyat nag, ay dëkk
yu ñu jële ci giirug Efrayim lañu muurloo.
21 Sikem, dëkkub rawtu ba ca diiwaanu
tundi Efrayim lañu leen jox, aki parloom,
ak Geser aki parloom
22 ak Kibcayim aki parloom ak Bet Oron
aki parloom, muy ñeenti dëkk.
23 La ñu jële ci giirug Dan di Elteke aki
parloom ak Gibeton aki parloom
24 ak Ayalon aki parloom ak Gaat Rimon
aki parloom, muy ñeenti dëkk.
25 Dëkk ya ñu jële ca genn-wàllu giirug
Manase ñoo di Taanag aki parloom ak
Gaat Rimon aki parloom, muy ñaari dëkk.
26 Làngi Keyateen ña des, mboolem dëkk
yi ñu leen jox fukk la, ànd ak seeni parlu.
27 Gersoneen ñi làngoo ci giirug Leween
ñi, lii lañu leen dogale ci céru genn-wàllu
giirug Manase: Golan ca diiwaanu Basan
aki parloom ak Bestera aki parloom, muy
ñaari dëkk,

28 ak lu bawoo ci giirug Isaakar, di
Kisiyoŋ aki parloom ak Dabraat aki
parloom
29 ak Yarmut aki parloom ak Enganim
aki parloom, muy ñeenti dëkk.
30 Li ñu jële ci giirug Aser di Misal aki
parloom ak Abdon aki parloom
31 ak Elkat aki parloom ak Rexob aki
parloom, muy ñeenti dëkk.
32 Li ñu jële ci giirug Neftali di Kedes ca
diiwaanu Galile, dëkkub rawtu ba aki
parloom, ak Amot Dor aki parloom ak
Kartan aki parloom, muy ñetti dëkk.
33 Mboolem dëkk yi làngi Gersoneen ñi
bokk, fukk laak ñett, ànd ak seeni parlu.

34 Li ñu jox Leween ñi des te bokk ci
làngi Merareen ñi, ca giirug Sabulon la
jóge, te mooy Yogneyam aki parloom ak
Karta aki parloom
35 ak Dimna aki parloom ak Nayalal aki
parloom, muy ñeenti dëkk.
36 Li ñu jële ci giirug Ruben, di Beccer
aki parloom ak Yaxacc aki parloom
37 ak Kedemot aki parloom ak Mefaat
aki parloom, muy ñeenti dëkk.
38 Li ñu jële ci giiru Gàdd di Ramot,
dëkkub rawtu ba ca Galàdd aki parloom, ak
Maxanayim aki parloom
39 ak Esbon aki parloom ak Yaser aki
parloom, lépp di ñeenti dëkk.
40 Làngi Merareen ñi desoon ci làngi
Leween ñi, mboolem dëkk yi ñu muurloo
ci ab tegoo bant, fukk laak ñaar.

41 Mboolem dëkk yi Leween ñi séddu ci
biir suufi bànni Israayil yi dul Leween,
ñeent fukk laak juróom ñett, ànd ak seeni
parlu.
42 Yooyu dëkk la woon. Dëkk bu ci nekk
ak àllub parlu ba ko wër. Yooyu dëkk yépp
noona la woon.

43 Aji Sax ji jox na Israayil mboolem
réew ma mu giñaloon seeni maam. Ñu
nangu réew ma, dëkke.
44 Aji Sax ji nag may leen noflaay wetoo
wet, noonee mu ko giñale woon seeni
maam rekk, te mboolem seeni noon, du
kenn ku leen të woon. Seen noon yépp la
leen Aji Sax ji jébbal.
45 Du benn dige bu wuute ci mboolem
digey ngëneel ya Aji Sax ji giñaloon waa kër
Israayil. Lépp a mat sëkk.

# 22

## *Lu jëm ci giiri penkub dexu Yurdan*

1 Gannaaw loolu Yosuwe dafa woo
Rubeneen ñi ak Gàddeen ñi ak genn-wàllu
giirug Manase.
2 Mu ne leen «Yeen de, sàmm ngeen
mboolem lu leen Musaa, jaamub Aji Sax ji
santoon, te dégg ngeen sama ndigal ci
mboolem lu ma leen santoon.
3 Wacculeen seeni bokk bu yàgg ba tey
jii, xanaa di sàmm ndénkaane bi jëm ci
santaaneb seen Yàlla Aji Sax ji.
4 Léegi nag, seen Yàlla Aji Sax ji may na
seeni bokk noflaay, na mu leen ko waxe
woon. Kon nag walbatikuleen, dellu ca
seeni xayma, ca seen réewum bopp ma
leen Musaa jaamub Aji Sax ji joxoon, ca
wàllaa dexu Yurdan.
5 Waaye kat, fexeleen bu baax di jëfe
santaane beek ndigalu yoon wi leen
Musaa jaamub Aji Sax ji sasoon, ngir
ngeen sopp seen Yàlla Aji Sax ji, di doxe
mboolemi yoonam, di sàmm ay
santaaneem, ŋoy ci moom, di ko jaamoo
seen léppi xol ak seen léppi jëmm.»
6 Ba loolu amee Yosuwe ñaanal leen, yiwi
leen, ñu dellu seeni xayma.
7 Genn-wàllu giirug Manase nag, fekk na
Musaa jox leen suuf ca Basan. Waaye
genn-wàll ga ca des, Yosuwe moo leen sédd
suuf ca sowub dexu Yurdan, ñu bokk ko ca
seen biir. Ba leen Yosuwe di yebal, ngir ñu
dellu ca seeni xayma it, ñaanal na leen,
8 ne leen: «Alal ju bare, yal nangeen ko
delluwaale ca seeni xayma, ak jur gu ne
xas, ak xaalis ak wurus, ak xànjar ak weñ
gu ñuul, ak yére yu ne gàññ. Yal nangeen
séddoo ak seeni bokk la ngeen nangoo ca
seeni noon.»

## *Ab sarxalukaay indi na fitna*

9 Rubeneen ñaak Gàddeen ñaak
genn-wàllu giirug Manase, ca lañu
walbatiku, bàyyikoo ca seen bokki bànni
Israayil ca Silo ca réewum Kanaan. Ñu jëm
diiwaanu Galàdd ca seen suufas bopp sa

ñu jagoo ci ndigalal Aji Sax ji, Musaa
jottali woon.
10 Ba Rubeneen ñaak Gàddeen ñaak
genn-wàllu giirug Manase demee ba ca
gox ba feggook dexu Yurdan, ca biir
réewum Kanaan, ab sarxalukaay lañu
tabax foofa feggook dexu Yurdan; ab
sarxalukaay bu réy te fés.
11 Ci kaw loolu bànni Israayil ya ca des
dégg ne ndeke Rubeneen ñaak Gàddeen
ñaak genn-wàllu giirug Manase, ab
sarxalukaay lañu tabax fa janook réewum
Kanaan, feggook dexu Yurdan, te féeteek
bànni Israayil gii.
12 Ba ko bànni Israayil déggee,
mbooloom bànni Israayil mépp a daje ca
Silo, ngir xarejeek ñoom.
13 Ba loolu amee doomu Elasar, Fineyas
sarxalkat ba, moom la bànni Israayil yebal
diiwaanu Galàdd, ca Rubeneen ñaak
Gàddeen ñaak genn-wàllu giirug Manase.
14 Mu ànd ak fukki kilifa, giir gu nekk
genn kilifa, ba giirug bànni Israayil daj, ku
ci nekk jiite sa kër maam ci biir kuréeli
bànni Israayil.
15 Ba ñu àggee réewum Galàdd ca
Rubeneen ñaak Gàddeen ñaak genn-wàllu
giirug Manase ga, dañu leena wax, ne
leen:
16 «Mbooloom Aji Sax ji mépp ñoo wax ne:
lu waral ñàkke worma gii ngeen ñàkke
worma Yàllay Israayil, ngir dëddu tey jii Aji
Sax ji, ba tabaxal seen bopp ab
sarxalukaay, ngir fippu ci kaw Aji Sax ji
bésub tey jii?
17 Ñaawtéef ga woon ca Pewor, da noo
doyul? Setunu ci ba sunu jonni yàllay tey,
te moo jural mbooloom Aji Sax ji mbugal.
18 Léegi tey ngeen dëddu Aji Sax ji, te
yeen bu ngeen fippoo ci kaw Aji Sax ji tey,
ëllëg mbooloom Israayil mépp lay mere!
19 Bu fekkee ne seen céru suuf soosu
moo sobewu, jàllsileen boog ci réew miy
céru Aji Sax ji, fi màkkaanu Aji Sax ji
màkkaanoo. Su ko defee ngeen séddu ab
céru suuf ci sunu biir. Waaye Aji Sax ji,
buleen fippu ci kawam, te nun it, buleen
fippu ci sunu kaw, di tabaxal seen bopp
sarxalukaay bu dul sunu sarxalukaayu
Yàlla Aji Sax ji.
20 Ba Akan doomu Sera defee jëfi ñàkk
worma ja mu defoon, ca mbirum yëf ya ñu
aaye woon, xanaa du mbooloom Israayil
mépp la am sànj dikkal? Du moom mi def
ñaawtéefam doŋŋ moo dee de*!»

## *Jàmm délsi na*

21 Ba loolu amee Rubeneen ñaak
Gàddeen ñaak genn-wàllu giirug Manase
wax ak kilifay kuréeli Israayil, ne leen:
22 «Yàlla Aji Sax ji Yàlla, Yàlla Aji Sax ji
Yàlla mi nu tiim xam na, te Israayil dina
xam. Ndegam gàntal mbaa ñàkke Aji Sax ji
worma lanu defe lii, Yàlla bumu nu wacce
bakkan bésub tey.
23 Ndegam danoo tabax sarxalukaay
ngir dëddu Aji Sax ji, mbaa ngir sarxal ci
saraxu rendi-dóomal, mbaa saraxi pepp,
mbaa saraxi cant ci biir jàmm, su boobaa,
yal nanu ko Aji Sax ji ci boppam topp.
24 Lenn rekk lanu ragal ba tax nu def lii.
Danu ne jombul ëllëg aki sibir seeni doom
ne sunuy doom: “Ana lu leen booleek Aji
Sax ji Yàllay Israayil?
25 Gannaaw Aji Sax ji def na dexu
Yurdan di kemu gi dox sunu digganteek
yeen Rubeneen ñeek Gàddeen ñi kay,
amuleen wenn wàll ci Aji Sax ji.” Su ko
defee seeni doom tax sunuy doom noppee
jaamu Aji Sax ji.
26 Looloo tax nu ne danuy tabax fii
sarxalukaay bu ñu dul def saraxu
rendi-dóomal mbaa beneen sarax.
27 Waaye sarxalukaay bi ab seede lay
doon sunu digganteek yeen, ba ci
diggante askan wiy ñëw, ne sañ nanoo
janook Aji Sax ji, jaamoo ko sunu saraxi
rendi-dóomal, ak yeneen sarax yu ñuy
rendi, ak sunu saraxi cant ci biir jàmm, ba
ëllëg aki sibir seeni doom duñu ne sunuy
doom: “Amuleen wenn wàll ci Aji Sax ji.”
28 Danu ne ëllëg ak sibir, bu ñu nu waxee
loolu nun, mbaa sunuy doom, ñu ne leen:
“Xoolleen niruwaaleb sarxalukaayu Aji
Sax jii sunuy maam tabaxoon, te du woon
ngir saraxu rendi-dóomal mbaa beneen
sarax, waaye seede lanu ci jublu woon
sunu digganteek yeen.”

* **22.20** Seetal ci saar 7.

29 Yàlla tere nuy fippu ci kaw Aji Sax ji,
di dëddu Aji Sax ji tey, bay tabax
sarxalukaay bu moy sunu sarxalukaayu
Aji Sax ji Yàlla, booba janook màkkaanam
ma, nar caa sarxe saraxu rendi-dóomal ak
saraxu pepp ak beneen sarax.»
30 Fineyas sarxalkat ba nag dégg kàddu
yooyu, mook kilifay mbooloo ma, di njiiti
kuréeli Israayil ya àndoon ak moom. Ñu
daldi rafetlu la Rubeneen ñaak Gàddeen
ñaak Manaseen ña wax.
31 Doomu Elasar, Fineyas sarxalkat ba
ne Rubeneen ñaak Gàddeen ñaak Manaseen
ña: «Maa ngi doora xam ne Aji Sax jaa ngi
ci sunu biir, gannaaw defuleen jooju jëfi
ñàkk worma. Musal ngeen bànni Israayil
ci mbugalum Aji Sax ji!»
32 Gannaaw loolu doomu Elasar,
Fineyas sarxalkat ba, ak kilifa ya bàyyikoo
ca Rubeneen ñaak Gàddeen ña ca réewum
Galàdd. Ñu dellu Kanaan ca bànni Israayil,
jottali leen la ñu fa jële.
33 Bànni Israayil rafetlu mbir ma. Ñu
sant Yàlla, waxatuñu lu jëm ci xareek
Rubeneen ñaak Gàddeen ña, ngir tas réew
ma ñu sance.
34 Ba mu ko defee Rubeneen ñaak
Gàddeen ña tudde sarxalukaay ba «Seede».
Ñu ne moo leen di seedeel seen
digganteek seen bokki bànni Israayil, di
firndeel ne Aji Sax ji mooy Yàlla.

# 23

## *Yosuwe tàggoo na*

1 Ba ñu demee ba mu yàgg lool, gannaaw
ba Aji Sax ji noppalee Israayil ci mboolem
seen noon yi leen séq, Yosuwe mujj na
màggat, ba làq at yu bare.
2 Yosuwe nag woolu Israayil gépp, mag
ñaak kilifa yaak àttekat yaak jawriñ ña. Mu
ne leen:
«Dama di mag, làq naa at yu bare.
3 Yeena gis mboolem li seen Yàlla Aji Sax
ji def xeet yii yépp ndax yeen, ngir seen
Yàlla Aji Sax ji ci boppam moo leen xareel.
4 Gis ngeen ni ma leen tegale bant
suufas xeet yii des, ak sos mboolem xeet yi
ma wàññi, dale ko dexu Yurdan ba ca géej
gu mag ga ca sowu, lépp seeni giir séddoo.
5 Seen Yàlla Aji Sax ji ci boppam moo
leen leen di génneel, dàqal leen leen, ngeen
nangu seenum réew, noonee leen ko seen
Yàlla Aji Sax ji waxe woon.
6 «Waaye dëgërluleen bu baax ngir farloo
di jëfe lépp lu ñu bind ci téereb yoonu
Musaa, te bañ koo moye ndijoor mbaa
càmmoñ.
7 Te itam buleen jaxasook xeet yii des ci
seen biir. Seen turi tuur, buleen ko tudd,
buleen ci giñe. Buleen leen jaamu, buleen
leen sujjóotal.
8 Seen Yàlla Aji Sax ji rekk ngeen di
taqool, ni ngeen ko defe naka jekk, ba tey
jii.
9 «Aji Sax ji moo leen dàqal ay xeet yu
mag te am doole, te yeen, ba tey jii kenn
tëwu leen.
10 Seen genn góor dàq na junni, ndax
seen Yàlla Aji Sax ji ci boppam moo leen di
xeexal, ni mu leen ko dige woon.
11 Kon nag sàmmooleen bu baax di sopp
seen Yàlla Aji Sax ji ngir seen jëmmi bopp.
12 Ndax kat, bu ngeen walbatikoo ba
walbatiku, ba taqook ndesu xeet yii, ñii
des ci seen biir, di séyanteek ñoom, di
demlanteek ñoom, ñuy demlanteek yeen,
13 su boobaa xamleen xéll ne seen Yàlla
Aji Sax ji dootu leen dàqal xeet yii. Ñooy
doon seenug fiir, di seenum yeer, di seen
kàccirig fàmb, di seen dégi bët, ba kera
ngeen di sànku ci réew mu baax mii leen
seen Yàlla Aji Sax ji jox.
14 «Léegi nag maa ngi nii tey di waaj
yoon wu dul jaas ci mboolem àddina.
Seedeleen seen léppi xol ak seen jëmm jépp
nag ne, du lenn lu fanaan àll ci mboolem
lu baax lu leen seen Yàlla Aji Sax ji
waxoon. Lépp a leen dikkal. Du lenn lu ci
fanaan àll.
15 Waaye noonee leen dikkale mboolem
lu baax lu leen seen Yàlla Aji Sax ji digoon,
ni la seen Yàlla Aji Sax ji mana wàccee ci
seen kaw, mboolem lu bon, ba keroog mu
fare leen kaw suuf su baax sii mu leen jox.
16 Su ngeen feccee nag kóllëreg Aji Sax ji
leen seen Yàlla sàmmloo, di jaamuji yeneen
yàlla, di leen sujjóotal, su boobaa sànjum
Aji Sax ji tàkkal leen, ba ngeen gaawa
tukkee ci réew mu baax mi mu leen jox.»

# 24

1 Yosuwe moo dajale giiri Israayil yépp

ca Sikem. Mu woolu magi Israayil ñaak
kilifa yaak àttekat yaak jawriñ ña, ñu bokk
taxaw fa kanam Yàlla.
2 Yosuwe wax mbooloo ma mépp, ne
leen: «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Bu yàgga yàgg ca wàllaa dexu Efraat la
seeni maam dëkkoon, te yeneen yàlla lañu
daan jaamu, ñuy waa kër Teraa, baayu
Ibraayma ak Naxor.
3 Gannaaw gi laa jële seen maam
Ibraayma ca wàllaa dexu Efraat, wërloo ko
réewum Kanaan mépp, ful aw askanam.
Maa ko may Isaaxa,
4 may Isaaxa Yanqóoba ak Esawu. Ma
jox Esawu diiwaanu tundi Seyir, muy
moomeelam, Yanqóobaaki doomam, ñoom,
ànd dem Misra.
5 «Ba loolu wéyee ma yebal Musaa ak
Aaróona, ba dumaa Misra ay mbas, na ma
ko defe woon ca biir réew ma, doora yiwi
seeni maam.
6 Maa yiwee seeni maam Misra, ñu dem
ba ca géej ga, waa Misra dàqe seeni maam
watiiri xare aki gawar, ba ca géeju Barax
ya.
7 Ñu woo Aji Sax ji wall, mu teg ag
lëndëm seen digganteek waa Misra.
Gannaaw gi, mu indi géej gi ci seen kaw,
mu sàng leen. Yeena teg seen bët ca la ma
def waa Misra.
«Ba loolu weesoo, ca màndiŋ ma ngeen
dal lu yàgg.
8 Maa leen yóbbu réewum Amoreen ña
dëkke wàllaa dexu Yurdan. Ñu song leen
xare, ma teg leen ci seen loxo. Maa leen
sànk fi seen kanam, ngeen nangu seenum
réew.
9 Loola wees, Balag buuru Mowab
doomu Cippor jóg, ngir xareek Israayil. Ci
biir loolu mu yónnee woolu Balaam
doomu Bewor, ngir mu móolu leen.
10 Waaye maa bëggula nangul Balaam,
ba mu far leen ñaanal a ñaanal. Noonu laa
leen musale ci Balag.
11 «Ba ngeen jàllee dexu Yurdan, ba àgg
Yeriko, waa Yeriko xareek yeen, ak itam
Amoreen ñaak Periseen ñaak Kanaaneen
ñaak Etteen ñaak Girgaseen ñaak Eween
ñaak Yebuseen ña. Ma teg leen ci seen loxo.
12 Du seenub saamar, du seenu fitt, am
mbas laa yebal, mu jiitu leen, ba dàqal
leen ñaari buuri Amoreen ña.
13 Noonu laa leen maye réew mu ngeen
sonnul, ak dëkk yu ngeen tabaxul, ngeen
dëkke, ak tóokëri reseñ ak garabi oliw yu
ngeen di lekk te jëmbatuleen ko.

## *Bànni Israayil dogu naa topp Aji Sax ji*

14 «Kon nag ragalleen Aji Sax ji te ngeen
jaamoo ko kóllëre gu mat sëkk te wér. Tuur
yi seeni maam daan jaamu ca wàllaa dexu
Efraat ak ca Misra, waccleen leen te ngeen
jaamu Aji Sax ji.
15 Ndegam nag bëgguleena jaamu Aji Sax
ji, seetleen rekk bésub tey ku ngeen di
jaamu. Tuur yi seeni maam daa jaamu ca
wàllaa dexu Efraat, am tuuri Amoreen ñi
ngeen dëkke seenum réew. Waaye man de,
maak sama waa kër, Aji Sax ji lanuy
jaamu.»
16 Mbooloo ma nag àddu ne: «Yàlla tere
nu bàyyi Aji Sax ji, di jaamu yeneen yàlla.
17 Ndax sunu Yàlla Aji Sax ji moom moo
nu génne réewum Misra, kërug njaam ga,
nook sunuy baay, moo defoon nuy gis
yooyu firnde yu màgg te moo nu sàmm
mboolem fu nu awe, ak ci digg mboolem
xeet ya nu jaare ca seen biir.
18 Aji Sax ji moo nu dàqal itam mboolem
xeet yi, ba ci Amoreen ñi dëkkoon ci réew
mi. Nun itam kay, Aji Sax ji lanuy jaamu,
ndax mooy sunu Yàlla.»
19 Yosuwe nag ne mbooloo ma: «Dungeen
mana jaamu Aji Sax ji, ndax moom, Yàlla
ju sell la, te Yàlla ju fiir la. Du leen baal
seeni tooñ ak seeni moy.
20 Bu ngeen dëddoo Aji Sax ji, di jaamu
ay yàllay jàmbur, dina walbatiku teg leen
loraange, jeexal leen, gannaaw ba mu
leen baaxee.»
21 Teewul mbooloo ma ne Yosuwe:
«Déedéet, Aji Sax ji kay lanuy jaamu.»
22 Yosuwe ne mbooloo ma: «Yeenay seen
seedey bopp nag ne yeena tànn Aji Sax ji ci
seen coobarey bopp, ngir di ko jaamu.»
Ñu ne: «Nooy seede yi.»
23 Mu ne leen: «Kon nag, jëleleen yàllay
jàmbur yi ci seen biir, te ngeen walbatikoo
seen léppi xol ci Aji Sax ji Yàllay Israayil.»
24 Mbooloo ma ne Yosuwe: «Sunu Yàlla
Aji Sax ji lanuy jaamu te moom lanuy
déggal.»

25 Bésub keroog ca Sikem la Yosuwe
fasook mbooloo ma kóllëre. Mu sas leen
dogalu yoon ak àtteb yoon.
26 Ci kaw loolu Yosuwe bind kàddu
yooyu ci téereb yoonu Yàlla bi, daldi jël doj
wu mag, samp ko foofa ca ron garab gu
mag ga woon ca wetu xayma bu sell ñeel
Aji Sax ji.
27 La ca tegu Yosuwe ne mbooloo mépp:
«Mu ngoog, doj wii mooy doon ab seede ci
nun, ndax moo dégg mboolem wax ji nu
Aji Sax ji wax. Ci yeen, ab seede lay doon,
bala ngeen di ñàkke seen Yàlla worma.»
28 Ba mu ko defee Yosuwe yiwi mbooloo
ma, ku nekk ñibbi wàll wa mu séddoo.

### *Yosuwe wàcc na ab liggéey*

29 Gannaaw ba mbir yooyu amee, ca la
Yosuwe jaamub Aji Sax ji, doomu Nuun
faatu, ci téeméeri atam ak fukk.
30 Ñu denc ko ca wàll wa mu séddoo ca
Timnat Sera ga ca diiwaanu tundi
Efrayim, ca bëj-gànnaaru tundu Gaas.
31 Israayil, Aji Sax ji la jaamu giiru
dundu Yosuwe, ak giiru dundu mag ña
wuutu Yosuwe, te fekke woon mboolem
jëf ji Aji Sax ji defal Israayil.
32 Yaxi Yuusufa ya bànni Israayil jële
woon Misra nag, Sikem lees ko suul, ci
pàkkub suuf bu giirug Yuusufa mujj
séddoo, te Yanqóoba jënde woon ko téeméeri
dogi xaalis ca sëti Amor, baayu Sikem.
33 Gannaaw gi, doomu Aaróona, Elasar
moom itam faatu, ñu denc ko ca kaw
tundu doomam Fineyas, tund wa ñu
mayoon Fineyas ca diiwaanu tundi
Efrayim.

# Njiit ya

Gannaaw ba Yosuwe nangoo Kanaan, fukki giiri Israayil yaak ñaar ñoo sanc ci seen céri suuf, giir gu ci nekk ak wet ga mu muurloo. Booba amuñu woon buur, ndax Yàlla ci boppam moo tooge woon seen buur. Waaye loolu dafa laajoon ñuy déggal te topp Yàlla, te askan wa dañoo gaawoona dëddu Yàlla, di roy kéefarug seen dëkkandoo ya ca Kanaan. Yàlla nag mbugal na Israayil, bàyyi seeni dëkkandoo ñu noot leen. Ba mu ko defee bànni Israayil tuub, ñaan Yàlla mu wallu leen, ba Yàlla yékkatee ay yooni yoon ci seen biir njiit yu leen dàqal seenub noon, delloosi itam xolu askan wi ci Yàlla. Waaye bare na ay yoon yu bànni Israayil gaawa yoqi ci mbiri Yàlla, ba tax ba téere bi jeexee, fekk ñu gëna xuus ciy ñaawtéef di wéy.

Ci tënk:

1.1—3.6 Muy tënkub xew-xew yi ci yooyu jant.
3.7-31 Lu jëm ci njiit yu njëkk ya: Otniyel, Ewudd ak Samgar.
4.1—5.31 Debora ak Barag am nañu ndam.
6.1—8.35 Lu jëm ci Sedeyoŋ.
9.1-57 Lu jëm ci Abimeleg.
13.1—16.31 Lu jëm ci Samson.
17.1—21.25 Réew mi jallaañoo na.

### *Bànni Israayil daan na, daanu na ca Kanaan*

1 Gannaaw ba Yosuwe faatoo, bànni
Israayil dañoo laaj Aji Sax ji ne ko: «Ana ci nun ñii, gan giir mooy njëkka dajejeek Kanaaneen ñi, ngir xareek ñoom?»
2 Aji Sax ji ne: «Giirug Yuda mooy njëkka dem, te it teg naa réew mi ci seen loxo.»
3 Yudeen ña nag wax ak seen bokki Cimyoneen, ne leen: «Ñëwleen ànd ak nun ca sunu wàllu suuf, nu xareek Kanaaneen ña foofa, ba noppi, nun it nu ànd ak yeen ca seen wàllu suuf, nanguji ko.» Cimyoneen ña daldi ànd ak ñoom.
4 Ba mu ko defee Yudeen ña dem, Aji Sax ji teg Kanaaneen ñaak Periseen ña ca seen loxo, ba ñu duma fukki junniy (10 000) góor ca Beseg.
5 Ca Beseg lañu fekk Buur Adoni Beseg, xareek moom. Noonu lañu dumaa Kanaaneen ñaak Periseen ña.
6 Adoni Beseg dafa daw, ñu dàq ko, ba jàpp ko, daldi dog baaraami déyi loxoom ak yoy tànkam.
7 Ca la Adoni Beseg ne: «Ax! Juróom ñaar fukki buur yu ñu dog seen baaraami déyi loxook yoy tànk de, ñoo daa foraatu lu wadde sama ndab; na ma defoon rekk nag ni la ma Yàlla feye.» Yerusalem lañu ko yóbbu, te fa la deewe.
8 Ba loolu wéyee Yudeen ña xareek Yerusalem, nangu ko. Ñu leel nit ña ñawkay saamar; dëkk ba, ñu lakk ko.
9 Gannaaw loolu Yudeen ña xarejeek Kanaaneen ña dëkke diiwaanu tund ya, ak ña ca Negew, ak ña ca suufu tund ya.
10 Ba loolu amee Yudeen ña dal ca kaw Kanaaneen ña dëkke Ebron. Ebron googu, Kiryaat Arba la njëkkoona tudd. Ca lañu duma Sesay ak Aximan ak Talmay.
11 Ñu jóge fa dal ca kaw waa Debir. Debir googu, Kiryaat Sefer la njëkkoona tudd.
12 Kaleb nag ne: «Kiryaat Sefer gii de, ku ko duma, ba nangu ko, sama doom Agsa laa koy may jabar.»
13 Otniyel doomu Kenas miy rakku Kaleb, moo nangu dëkk ba, Kaleb may ko doomam Agsa, jabar.
14 Naka la Agsa séysi kër Otniyel, Otniyel soññ ko ngir mu ñaan Kaleb baayam, ab tool. Naka la Agsa cëppoo ca mbaamam, Kaleb baayam laaj ko, ne ko: «Loo xewle?»
15 Mu ne ko: «Lenn laa bëgg nga defal ma ci aw yiw. Gannaaw yaa ma may suufi bëj-saalum; damaa bëgg nga mayaale ma ay déeg.» Kaleb daldi koy may déeg ba ñuy wax déegub kaw ak ba ñuy wax déegub suuf.
16 Keñeen ñi askanoo ci gorob Musaa, baayu soxnaam nag ñoo àndoon ak Yudeen ñi, ñu bawoo Yeriko, dëkk ba ñuy wax dëkkub tàndarma ya, dem ba màndiŋu Yuda, ca bëj-saalumu Aràdd. Ci kaw loolu ñu sanc ca biir waa gox ba.

* **1.17** ***Xorma*** ci làkku ebrë, neexoo naak baat biy tekki «yàqute».

17 Ba loolu amee Yudeen ña ànd ak seen
bokki Cimyoneen, ñu dumaji Kanaaneen
ña dëkke Cefat, faagaagal ko, ba tax ñu
mujj woowe dëkk ba Xorma*.
18 Yudeen ña teg ca nangu Gasa ak la ko
wër, ak Askalon ak la ko wër, ak Ekkron ak
la ko wër.
19 Aji Sax ji moo ànd ak Yuda, ba ñu
nangu diiwaanu tund ya. Waaye
nanguwuñu joor ga, ndax watiiri xarey
weñ la waa joor ga amoon.
20 Ba mu ko defee ñu jox Ebron Kaleb,
na ko Musaa diglee woon. Kaleb moo fa
dàqe ñetti làngi Anageen ña fa dëkkoon.
21 Yebuseen ña dëkkoon Yerusalem nag,
giirug Beñamin dàquñu leen; ba tey jii
Yebuseen ñeek Beñamineen ñee bokk dëkk
Yerusalem.
22 Ci biir loolu waa kër Yuusufa itam
dali ca kaw Betel, Aji Sax ji ànd ak ñoom.
23 Waa kër Yuusufa dañoo yónnee ñu
leen yëddujil ca Betel. Betel googu Lus la
njëkkoona tudd.
24 Ba yëddukat ya demee, jenn waay lañu
gis, mu génne ca dëkk ba. Ñu ne ko: «Yaw,
won nu rekk ab jaarukaay bu nu dugge ci
dëkk bi, nu laaye la biir.»
25 Waa ja won leen jaarukaay bu ñu
dugge ca dëkk ba, ñu jàll ca biir. Ba loolu
amee ñu leel waa dëkk ba ñawkay saamar.
Waa jaak njabootam yépp nag, ñu baal
leen.
26 Waa ja, réewum Etteen ña la mujj toxu,
ba sanc fa ab dëkk, tudde ko Lus, muy turu
dëkk ba, ba tey jii.
27 Manaseen ña it dàquñu waa Bet San
ak la ko wër, ak waa Taanag ak la ko wër,
ak waa Dor ak la ko wër, ak waa Yiblam ak
la ko wër, ak waa Megido ak la ko wër.
Kanaaneen ñaa dogu, ngir des ca réew ma.
28 Ba bànni Israayil demee ba gëna am
doole sax, ab liggéeyu sañul-bañ lañu teg
Kanaaneen ña, waaye dàquñu leena dàq,
ba ñu jeex.
29 Efraymeen ña itam dàquñu
Kanaaneen ña dëkke woon Geser; ca seen
biir la Kanaaneen ña des ca Geser.
30 Cabuloneen ña it dàquñu waa Kittron
ak waa Nayalol. Ca biir Cabuloneen ña la
Kanaaneen ñooña des, waaye liggéeyu
sañul-bañ lañu mujj tegoo.
31 Asereen ña itam, dàquñu waa Ako ak
waa Sidon ak Alab ak Agsib ak Elba ak
Afig ak Rexob.
32 Ca biir Kanaaneeni réew ma la
Asereen ña sance, ndax dàquñu leen.
33 Neftaleen ñi it dàquñu waa Bet Semes
ak waa Bet Anat. Ca biir Kanaaneeni réew
ma lañu sance. Waaye waa Bet Semes ak
Bet Anat, ab liggéeyu sañul-bañ lañu leen
mujj tegool.
34 Daneen ña nag, Amoreen ñaa leen
tanc ca diiwaanu tund ya; mayuñu leen ñu
wàccsi ca joor ga.
35 Amoreen ñaa dogu, ngir des ca dëkk
ya ñuy wax Ar Eres ak Ayalon ak Saalbim.
Teewul waa kër Yuusufa mujj néewal
Amoreen ña doole, ba ñu mujje liggéeyu
sañul-bañ.
36 Digu Amoreen ña, yéegub Akerabim,
ca Sela, ca la dale woon, jëm kaw.

# 2

## *Aji Sax ji sikk na ñoñam*

1 Malaakam Aji Sax ji moo bàyyikoo
woon Gilgal ba Bokim. Mu wax bànni
Israayil, ne leen: «Maa leen génnee Misra,
indi leen ci réew mi ma giñaloon seeni
maam. Ma ne leen: “Duma fecci sama
kóllëre ak yeen mukk.
2 Yeen nag, buleen fasoo kóllëre ak waa
réew mii, te seen sarxalukaay yi, tojleen
ko.” Waaye déggaluleen ma. Ana lu waral
lii ngeen def?
3 Moo tax itam ma ne duma leen leen
dàqal. Ñooy doon seen lakkal, seen tuur
yooyu mujj dig fiir ci yeen.»
4 Ba malaakam Aji Sax ji waxee
mboolem bànni Israayil kàddu yooyu,
mbooloo mépp a ne yikkét jooy.
5 Moo tax ñu woowe béreb boobu Bokim
(muy firi Jooykat yi). Ñu daldi fay sarxalal
Aji Sax ji.

## *Yosuwe nelaw na*

6 Gannaaw ba Yosuwe yiwee mbooloo
ma, bànni Israayil dem, ku nekk ca sa
wàllu suuf, ngir jagoo réew ma.
7 Mbooloo ma, Aji Sax ji lañu jaamu
giiru dundu Yosuwe, ak giiru dundu mag
ña wuutu Yosuwe, te gisoon mboolem jëf
ju réy ji Aji Sax ji defal Israayil.

8 Yosuwe doomu Nuun, jaamub Yàlla ba
nag, ci téeméeri atam ak fukk la nelaw,
9 ñu denc ko ca gox ba mu séddoo, ca
Timnat Eres ga ca diiwaanu tundi
Efrayim, ca bëj-gànnaaru tundu Gaas.

## *Aji Sax ji nattu na bànni Israayil*

10 Gannaaw loolu maas googu gépp
nelaw, fekki seeni maam, te geneen maas
ga jóg wuutu leen di ñu umple Aji Sax ji,
umple itam jëf ji mu defal Israayil.
11 Bànni Israayil nag di def li Aji Sax ji
ñaawlu, di jaamu tuur ya ñuy wax Baal.
12 Aji Sax ji seen Yàllay maam ji leen
génne réewum Misra, lañu dëddu. Yeneen
yàlla, ca yàllay xeet ya leen séq, lañu topp,
di leen sujjóotal, ba merloo Aji Sax ji.
13 Noonu lañu dëddoo Aji Sax ji, di jaamu
ay tuur yu ñuy wax Baal ak Astàrt.
14 Ba loolu amee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil, mu wacc leen ci loxol ay
sëxëtookat, ñu sëxëtoo leen; la ca tegu mu
jébbal leen seen loxol noon yi leen séq, ba
manatuñoo taxaw ci seen kanami noon.
15 Fépp fu ñu deme xare, loxol Aji Sax ji
tege ci seen kaw, ngir seen loraange, na ko
Aji Sax ji waxe woon, noonu leen ko Aji
Sax ji giñale woon. Njàqare lu réy nag
dikkal leen.
16 Ba mu ko defee Aji Sax ji falal leen ay
njiit, ñooña xettali leen ca ña leen di
sëxëtoo.
17 Waaye seeni njiit it, déggaluñu leen,
xanaa ñuy gànctook* yeneen yàlla, di leen
sujjóotal. Yoon wa seeni maam toppoon, di
sàmm santaaney Aji Sax ji, moom lañu
teela wacc. Royuñu seeni maam.
18 Saa yu leen Aji Sax ji falalaan njiit
nag, mooy ànd ak njiit la, di leen musal ca
seeni noon, giiru dundu njiit la. Booba
seeni onk la leen Aji Sax ji ñeewantee
woon, ndax ña leen doon noot aka joggati.
19 Waaye saa su njiit la faatoo rekk
askan wa dellu di defug yàqute, ba raw
seeni maam, ci topp yeneen yàlla, di leen
jaamooka sujjóotal. Bawuñu lenn ci seeni
jëf ak seen jikkoy wowle.
20 Ba mu ko defee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil. Mu ne: «Gannaaw askan wii ñoo
fecci kóllëre gi ma dénkoon seeni maam, te
ñoo ma déggalul,
21 man it du maa leen di dàqalatil ñenn ci
xeet yi fi Yosuwe bàyyi, ba mu deewee;
22 su ko defee, ñooñu laay nattoo
Israayil, ba gis ñu sàmm yoonu Aji Sax ji,
na ko seeni maam daan sàmme, mbaa ñu
ñàkk koo sàmm.»
23 Noonu la fa Aji Sax ji bàyyendee xeet
yooyu mu teguloon ca loxol Yosuwe, ba
gaawu leen faa dàqe.

# 3

## *Lu jëm ci njiiti bànni Israayil*

1 Xeet yii nag la Aji Sax ji bàyyi ca
Kanaan, di leen nattoo Israayil, mboolem
niti bànni Israayil ya fekkewuloon xarey
Kanaan ya woon yépp.
2 La mu ca nammoon rekk mooy maasi
bànni Israayil ya teew te xamuñu xare,
man caa jànge xare.
3 Xeet yooyu ñoo di yoy juróomi buuri
Filisteen ña, ak mboolem Kanaaneen ña,
ak waa Sidon, ak Eween ña dëkkoon ca
diiwaanu tund ya ca Libaŋ, diggante
tundu Baal Ermon ba ca Buntu Amat.
4 Ñooñu lees doon nattoo Israayil, ngir
seet ndax dinañu sàmm santaane yi Aji Sax
ji dénkoon seeni maam, ci jottalib Musaa.
5 Bànni Israayil nag dëkk ca biir
Kanaaneen ña ak Etteen ña ak Amoreen
ña ak Periseen ña ak Eween ña ak
Yebuseen ña.
6 Ci biir loolu bànni Israayil di jël doomi
xeet yooyu jabar, di leen may jabar itam,
tey jaamu seeni tuur.

## *Yàlla jiital na Otniyel*

7 Li Aji Sax ji ñaawlu la bànni Israayil
doon def, fàtte seen Yàlla Aji Sax ji, di
jaamu tuur yu ñuy wax Baal ak Asera.
8 Ba mu ko defee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil, mu wacc leen ci loxol Kusan
Risatayim (muy firi Ñaari seytaane),
buurub Aram Naarim (muy firi Ñaari
dex)*, bànni Israayil di surgawu Kusan
Risatayim diiru juróom ñetti at.

---

* **2.17** ***gànctu*** misaal lay doon, mbete jigéen ju njaaloo, di fecci kóllëre gi mu am ak jëkkëram. Noona la bànni Israayil di defi, ci seen bokkaale, di fecci seen kóllëre ak Aji Sax ji.
* **3.8** ***Aram Naarim*** mooy Mesopotami ba tey.

9 Bànni Israayil nag woo Aji Sax ji wall,
Aji Sax ji taxawalal leen ku leen wallu,
muy Otniyel doomu Kenas, rakku Kaleb.
10 Ba loolu amee leeru Aji Sax ji dikkal
ko, mu jiite Israayil. Ba Otniyel xarejee,
Aji Sax jee teg Kusan Risatayim buurub
Aram ci loxoom, mu daan ko.
11 Jàmm daldi am ca réew ma diiru ñeent
fukki at. Gannaaw gi Otniyel doomu
Kenas faatu.

### *Yàlla jiital na Ewudd*

12 Bànni Israayil dellu di def li Aji Sax ji
ñaawlu, Aji Sax ji dooleel Eglon buuru
Mowab ci kaw Israayil, ndax seen jëf ju Aji
Sax ji ñaawlu.
13 Eglon moo dajale Amoneen ña ak
Amalegeen ña, ànd ak ñoom, dumaji
Israayil, ba nangu Yeriko, dëkk ba ñuy wax
dëkkub tàndarma ya.
14 Fukki at ak juróom ñett la bànni
Israayil surgawu Eglon buuru Mowab.
15 Bànni Israayil nag woo Aji Sax ji wall,
Aji Sax ji dellu taxawal leen ku leen wallu,
muy Beñamineen bu ñuy wax Ewudd
doomu Gera; waa ju càmmoñe la woon. Ba
loolu amee bànni Israayil yóbbante ko ab
galag ca Eglon buuru Mowab.
16 Ewudd daldi sàkklu saamarub ñaari
ñawka bu gudde xasab; mu takk ko ca biir
mbubbam, ca kaw poojub ndijooram.
17 Ci kaw loolu mu indil Eglon buuru
Mowab galag ba. Eglon nag am mbuxri la
woon.
18 Ewudd joxe galag ba, daldi yiwi nit ña
gàddu woon galag ba.
19 Moom nag, dem na ba ca jëmmi tuur
ya ca wetu Gilgal, mu waññikoo ca, dikkaat
ne buur ba: «Buur, man de, ab yóbbanteb
ñaaroo laa lay yótsi.» Eglon ne: «Miig!» Dag
ya taxawoon ca moom yépp génn.
20 Ewudd moo dikk, ba ca moom, foofa
mu toog moom doŋŋ, ca biir néeg, ba ca
kaw taaxum féexlukaayam. Mu ne ko:
«Yóbbanteb Yàlla laa lay yótsi.» Eglon jóge
ca ngàngune ma taxaw,
21 Ewudd yoor loxol càmmoñam, roccee
saamar ba ca poojub ndijooram, daldi koy
bojj ca kollub Eglon,
22 ba ponk ba sax nuur topp ñawka ga,
nebbon ja kepp lépp ca biir, ba tax Ewudd
rocciwul saamar ba. Ca gannaawu Eglon
la cat la fëlle.
23 Ba loolu amee Ewudd tëj bunti néeg
baak caabi, daldi jaare ca gannaaw, génn.
24 Ba mu génnee, dag ya dikk, gisuñu lu
moy bunti néegub kaw ba tëje ràpp. Ñu ne:
«Xam naa day dem suturlu ci wanagu biir
néegu féexlukaay bi.»
25 Xaar nañu ba xàddi, te tijjiwul bunti
néeg ba. Ñu mujj jël caabi ja tijji, rekk yem
ca seen sang ba, mu ne lànjaŋ ca suuf, dee.
26 Ewudd moom, ba ñuy xaar la daw ba
rëcc, romb jëmmi tuur ya, ba raweji Seyira.
27 Ba mu àggee foofa, ab bufta la wale ca
diiwaanu tundi Efrayim, bànni Israayil
ànd ak moom, wàcce ca tund ya, mu jiitu
leen.
28 Ewudd ne leen: «Toppleen ci man,
ndax Aji Sax ji teg na seeni noon,
Mowabeen yi, ci seen loxo.» Ñu topp ca
moom, ba aakimooji jàllukaayu dexu
Yurdan, ngir kar Mowabeen ña,
bàyyiwuñu kenn mu jàll dex ga.
29 Booba lañu rey lu tollook fukki junniy
Mowabeen, ñépp diy ponkal te di jàmbaari
xare, ñoom ñépp; du kenn ku ca raw.
30 Bésub keroog la waa Mowab tàbbi ci
kilifteefu bànni Israayil. Ci kaw loolu jàmm
am ca réew ma diiru juróom ñett fukki at.

### *Samgar wuutu na Ewudd ci boppu Israayil*

31 Gannaaw Ewudd, Samgar doomu
Anat a aye. Moom moo jëloon aw yet wu
ñuy xabtale ay nag, rey ca juróom benni
téeméeri (600) góori Filisteen. Kooku it
wallu na Israayil.

# 4

### *Lu jëm ci Debora ak Barag*

1 Gannaaw gi, bànni Israayil dellooti di
def li Aji Sax ji ñaawlu, fekk Ewudd faatu
na.
2 Aji Sax ji nag wacc leen ci loxol Yabin
buurub Kanaan, ba falu woon ca dëkk ba
ñuy wax Àccor, te Sisera njiital gàngooram
dëkkoon Aroset Goyim.
3 Ci kaw loolu bànni Israayil woo Aji Sax
ji wall, ndax Yabin juróom ñeenti téeméeri
(900) watiiri xare yu weñ la amoon. Diiru
ñaar fukki at la noot Israayil nooteel gu
metti.

4 Jant yooyu, Debora yonent bu jigéen
ba, soxnas Lapidot, moo doon jiite
Israayil.
5 Moom moo daan toog ca ker tàndarma
ga ñu dippee Debora, diggante Raama ak
Betel ca diiwaanu tundi Efrayim. Bànni
Israayil nag di fa sàkkusi ab àtteem.

6 Debora moo yónnee woolu Barag
doomu Abinowam ma dëkkoon Kedes ca
diiwaanu Neftali. Ba mu dikkee, mu wax
ko, ne ko: «Aji Sax ji Yàllay Israayil déy, moo
santaane, ne nga dem jëli fukki junniy
(10 000) góori Neftaleen ak Cabuloneen, te
nga dox jiite leen ba tundu Tabor.
7 Yàlla ne: "Maay ootal ba fa yaw, ca
walum Kison, Sisera njiital mbooloom
Yabin, mooki watiiram ak gàngooram, te
maa koy teg ci say loxo." »
8 Barag ne ko: «Soo dee ànd ak man de,
dinaa dem, waaye soo àndul ak man,
duma dem.»
9 Mu ne ko: «Kon, baax na. Dinaa dem
moos, ànd ak yaw. Waaye yoon wi de, du
doon sa woy, ndax ci loxol jigéen la Aji Sax
jiy tàbbal Sisera.» Debora daldi ànd ak
Barag, jëm Kedes.
10 Cabuloneen ñaak Neftaleen ña la
Barag dajale ca Kedes, ñu topp ciy tànkam,
di fukki junniy (10 000) góor; Debora it ànd
ak moom.
11 Booba Eber Keñeen ba teqalikoo naak
bokki Keñeenam ña bokk ca sëti Obab,
gorob Musaa. Fekk na it mu samp ab
xaymaam ca wetu garab gu mag ga ca
Caananim, fa feggook Kedes.

12 Ci biir loolu ñu yégal Sisera ne Barag
doomu Abinowam yéegi na tundu Tabor.
13 Sisera dajale watiiri xareem yépp,
muy juróom ñeenti téeméeri (900) watiiri
xarey weñ, ak mboolem gàngoor gi mu
àndal, ñu bàyyikoo Aroset Goyim, jëm
walum Kison.
14 Debora ne Barag: «Jógal, ndax tey jii la
bés bi Aji Sax ji teg Sisera ci sa loxo. Aji
Sax ji ci boppam moo la jiitu!» Barag nag
mbartaloo kaw tundu Tabor, fukki junniy
(10 000) góor topp ko.
15 Ba loolu amee Aji Sax ji fëlxe Siseraak
mboolem watiiri xare ya ak gàngoor gépp,
ñu reye leen ñawkay saamar fa kanam
Barag. Ci biir loolu Sisera cëppoo ca
watiiram, ñàlli.
16 Barag moom topp watiir yaak gàngoor
ga, ba ca Aroset Goyim. Gàngooru Sisera
gépp a daanu, fàddoo ñawkay saamar, ba
du kenn ku ca des.
17 Sisera nag dawe tànkam ba ca xaymab
Yawel, soxnas Eber, Keñeen ba, ndax
booba jàmm a doxoon diggante Yabin
buurub Àccor ak waa kër Eber, Keñeen ba.
18 Yawel génn dajeek Sisera, ne ko:
«Duggal, sang bi, agsil ci biir, bu ci am benn
xalaat!» Mu dugg ca biir xayma ba, ndaw
sa sànge ko malaan.
19 Waa ja ne ko: «Rikk may ma ci tuuti
ndox, ma naan. Damaa mar!» Mu ubbi
mbuusu meew, may ko ca mu naan, ba
noppi sàngaat ko.
20 Waa ja ne ko: «Taxawal ci bunt xayma
bi, ba ku ñëw laaj la ndax nit a ngi fi, nga
ne ko déedéet.»
21 Ba mu ko defee Yawel soxnas Eber
buddi ab xeru xayma, jël ab wàkku. Naka
la Sisera nelaw ndax coono, mu yoot
ndànk ba ca moom, daldi daaj xer wa ca
kaabaab ga, ba mu sar ca suuf; waa ja dee.
22 Ci kaw loolu rekk Barag doon dàqi
Sisera ba ne jalañ. Yawel génn dajeek
moom, ne ko: «Kaay, ma won la ki ngay
seet.» Mu dugg ca biir xayma ba rekk,
yem ca Sisera mu ne lànjaŋ, xer ba sampe
ca ker nopp ba.
23 Bésub keroog Yàlla moo toroxal Yabin
buurub Kanaan ca kanam bànni Israayil.
24 Bànni Israayil nag di gën di néewal
doole Yabin buurub Kanaan, ba mujj ko
rey.

# 5

*Debora fent na woy*

1 Bésub keroog Debora moo woy lii,
mook Barag doomu Abinowam:
2 «Céy bu garmiy Israayil jiitoo,
bu gàngoor yeboo xol bu tàlli!
Jaaraamaalleen Aji Sax ji!
3 Buur yee, dégluleen; garmi yee,
teewluleen;
man Aji Sax ji laay woyal, man,
ma kañ Aji Sax ji Yàllay Israayil.

4 «Aji Sax ji, yaa fëlle Seyir,

daagu, génne àllub Edom,
suuf jaayu, asamaan yuriku,
niir ya sotti,
5 tund yaa seey fa kanam Aji Sax ji,
tundu Sinayi gii moo seey fa kanam Aji Sax ji Yàllay Israayil.

6 «Janti ayub Samgar doomu Anat,
ak janti Yawel la ngér ya wéete,
ñay tukki mujj aw ciy teggi yu lunk.
7 Dëkk-dëkkaani Israayil ñoo noon yàcc yàccaaral,
ba man Debora, ma jóg,
maa jóg ndeyal Israayil!
8 Ñoo xewal yàlla yu yees, xare nuyoo ca bunt ya,
te du pakk* dub xeej ci ñeent fukki junniy (40 000) góori Israayil!
9 Sama xol laa àndeek njiiti Israayil,
waa askan woowoo yeboo xol bu tàlli.
Jaaraamaalleen Aji Sax ji!

10 «Éey, yeen ñi war mbaam yu weex,
toog ci seeni teg yu yànj,
yeen ñi ci yoon wiy dem it, biralleen lii.
11 Kàdduy woykat yaa ngoog ca naanukaay ya,
ña ngay lim ndamal Aji Sax ji,
ak ndamal xarekatam yu Israayil.

«Ñoñi Aji Sax jee dem buntu dëkk ba.
12 "Deboraa, yewwulee, yewwul,
yewwulee, yewwul te dëbbe.
Jógalee, Barag doomu Abinowam,
ba jàpp say jaam, yóbbu."

13 «Ndes wu néew a daan ponkal ya,
ñoñi Aji Sax ji laa ne, ñoo ma daanal jàmbaar ya.
14 Ñenni Efrayim la seenub reen fëlleji fa Amaleg,
Beñamin topp ca ànd ak seeni gàngoor,
ay njiit bawoo fa Makir,
aw nit bàyyikoo Sabulon, wàccsi ak seen yetu njiit.
15 Kàngami Isaakar ñoo làng ak Debora,
niti Isaakar déggal Barag,
sàqeendoo, topp ko ca xur wa,
te làngi Ruben ya jàppoo seen diisoo yu réy ya.
16 Moo yeen, lu ngeen di def ci wërmbal yi,
di déglu coggal giy meem?
Làngi Ruben yaa jàppoo seen diisoo yu réy ya.
17 Galàdd des ca wàllaa dexu Yurdan,
te Dan xandul fu wees gaalam ya,
Aser it a nga des tefesu géej ga, génnuli waaxam.
18 Waaye Sabulon ay gàngoor gu faalewul dee,
Neftali moom di jaay bakkanam ca kawte ya.

19 «Ay buur a xeexsi,
ay buuri Kanaan a xareseek ñoom
fa Taanag, feggook ndoxi Megido,
te du xaalis bu ñu ca lële† moos!
20 Kaw asamaan la biddiiw ya tollu, di sot,
ñoo buure ca seen ngér ya, xareseek Sisera;
21 walum Kison buub leen, falaŋ,
walum Kison maa! walum cosaan maa!
Naa dëgërlu boog te buure xol.
22 Fasi naaru-góor yaa ngay rëpptal a rëpptal,
seen we ya rëkkandoo.
23 "Móoluleen Meros," la malaakam Aji Sax ji wax,
"kon móoluleena móolu waa Meros.
Ñoo sotlewul Aji Sax ji;
ñoo àndul ak ñeyi xare yi sotle Aji Sax ji."

24 «Yaw Yawel, yal nanga gëna barkeel ci jigéen ñi,
yaw soxnas Eber, góoru Keñeen gi,
barkeelal, ba raw ci jigéeni biir xayma.
25 Ndox la Sisera ñaan, Yawel may ko meew,
ndabal buur la duyum soow, taajal ko.
26 Càmmoñam ba la yóotoo xeru xayma,
ndijoor ba ŋëb wàkkub liggéeykat,
wàkke ko Sisera, toj bopp ba,
bënn ker nopp ba, rajaxe.
27 Ca tànki Yawel la Sisera nërmeelu,
ne fëlëñ, ne lasiim.
Cay tànkam la nërmeelu, ne fëlëñ,
te fa mu nërmeelu, fa la ne fëlëñ, dee wett.

* **5.8** ***pakk*** mooy kiiraay bu ñuy jëfandikoo ci xare. † **5.19** ***lël,*** mooy bu ñu amee ndam, ñu jële ci noon yi alalu xare.

28 «Yaayu Siseraa ngay séentoo
palanteeram,
yërndu ca caax ba, di jooy, naa:
“Moo lu guddeel sama watiiru doom ji?
Lu yeexal riirum watiiram yaak fas ya?”
29 Ndaxam ña sut am xel ca lingeeram ya
tontu nañu,
waaye teewu koo jàppoo waxam jii:
30 “Jombul ña ngay séddale cëxëtoo ma ñu
am;
jenn jongama ba ñaar, ci boppu góor gu ne,
ak cëxëtoom ndimoy cuub, Sisera jagoo,
ndimoy cuub yu yànj kay,
ba ci ñaari ndimoy cuub yu yànj,
ku ne wékkoo ca baatam, muy alalu
sëxëtoom.”

31 «Nii, yal na ko mboolem nooni Aji Sax ji
sànkoo,
fu mboolemi soppeem ne ràññ ni jantub
digg njolloor!»

Ba mu ko defee jàmm am ca réew ma,
diiru ñeent fukki at.

# 6

## *Waa Majan sonal nañu bànni Israayil*

1 Gannaaw ba loolu wéyee bànni Israayil
dellu di def li Aji Sax ji ñaawlu. Aji Sax ji
nag teg leen ca loxol waa Majan diiru
juróom ñaari at.
2 Ci biir loolu waa Majan di néewal doole
waa Israayil. Waa Majan tax na ñu sàkkal
seen bopp ay làquwaay ci ay paxi tund aki
xunt aki mbartal.
3 Saa yu waa Israayil jiwaan, waa Majan
ay dikk, ñook Amalegeen ña ak waa
penku. Su ko defee ñu dal ci seen kaw.
4 Fa janook ñoom lañuy fàkk ab dal, di
yàqate meññeefum réew ma, ba àkki Gasa.
Duñu wacce Israayil dara luy dund; du
gàtt, du nag, du mbaam.
5 Seenug jur ak seeni xayma lañuy
dikkaale, def ndiiraan, mel niy njéeréer.
Maneesuleen woona wañ, ñoom ak seeni
giléem. Su ko defee ñu song réew ma, ngir
yàqate ko.
6 Israayil mujj nañu néew doole lool
ndax waa Majan. Ci kaw loolu ñu woo Aji
Sax ji wall.
7 Ba bànni Israayil jooyee Aji Sax ji
mbirum waa Majan,
8 Aji Sax ji moo yebal ab yonent ca bànni
Israayil. Mu wax leen, ne leen: «Aji Sax ji
Yàllay Israayil dafa wax ne: “Maa leen jële
Misra, génne leen kërug njaam.
9 Ma leen xettali ci loxol waa Misra, ak ci
loxol mboolem ña leen nootoon. Ma dàqal
leen leen, nangu seenum réew, jox leen.
10 Ba loolu amee ma ne leen: Man Aji
Sax ji, maay seen Yàlla. Buleen jaamu
yàllay Amoreen ñi ngeen dëkk seenum
réew. Waaye yeena ma déggalul.”»

## *Aji Sax ji sas na Sedeyoŋ*

11 Ci biir loolu malaakam Aji Sax ji dikk
toog ca Ofra ca ker garabu terebent ga.
Mooy terebentu Yowas ma askanoo ca
Abiyeser. Ma nga fekk Sedeyoŋ, doomam
ju góor làqu ca biir nalukaayu reseñ ba, di
bàcc bele, ndax waa Majan bañ koo gis.
12 Malaakam Aji Sax ji feeñu ko, ne ko:
«Jàmbaaru góor ji, Aji Sax jaa ngeek yaw!»
13 Sedeyoŋ ne ko: «Baal ma, sang bi,
waaye gannaaw Aji Sax jaa ngeek nun
kay, lu waral lii nu dab lépp? Ana
mboolem jaloore yi nu sunuy maam
nettali, ne nu “xanaa du Misra la nu Aji
Sax ji génnee,” te tey Aji Sax ji wacc nu, teg
nu ci loxol waa Majan?»
14 Aji Sax ji walbatiku ca moom, ne ko:
«Doxal, sa doole jii nga am, walloo ko bànni
Israayil, yiwi ko ci loxol waa Majan.
Xanaa du maa la yebal?»
15 Mu ne ko: «Baal ma sang bi, waaye nu
may yiwee Israayil? Samag làng kat moo
gëna néew doole ci giirug Manase gi nu
bokk, te man it maa gëna tuut ci sama kër
baay.»
16 Aji Sax ji ne ko: «Maay ànd ak yaw, te
yaay duma waa Majan ni bu ñu doon kenn
nit.»
17 Sedeyoŋ ne ko: «Kon nag, ngalla waay
baaxe ma ci firnde lu wéral ne yaw, Aji Sax
ji yaay wax ak man.
18 Te rikk bul jóge fii, te indiluma la
samab sarax, taajal la.» Mu ne ko: «Maa
ngii di la xaar, ba nga délsi.»
19 Ba mu ko defee Sedeyoŋ dem, daldi
waajal ab tef ak mburu yu amul lawiir yu
mu lakke fanweeri kiloy sunguf. Ndawal

la, mu def ko ci pañe; ñeex ma, mu sotti ci
ndab. Ci kaw loolu mu boole lépp yóbbul
ko foofa ca ker terebent ga, taaj ko.
20 Malaakam Yàlla ma ne ko: «Jëlal
ndawal li ak mburu yi amul lawiir, nga
teg ko ci kaw doj wii, te nga sotti ci ñeex
mi.» Mu def noona.
21 Malaakam Aji Sax ja tàllal yet wa ca
loxoom, laale cat la yàpp waak mburu ya
amul lawiir. Ba loolu amee sawara ne
jippét, tàkke ca doj wa, ba lekk yàpp waak
mburu ya amul lawiir. Malaakam Aji Sax
ja nag ne mes, réer ko.
22 Ca la Sedeyoŋ xam ne kooka mooy
malaakam Aji Sax ji. Mu jalu ne: «Wóoy
ngalla man, Boroom bi Aji Sax ji, kon
ndeke malaakam Aji Sax ji laa gis, ne ko
jàkk, mu ne ma jàkk!»
23 Teewul Aji Sax ji ne ko: «Jàmm rekk la,
bul tiit, doo dee.»
24 Sedeyoŋ nag tabax foofa ab
sarxalukaay, ñeel Aji Sax ji. Mu tudde ko
«Aji Sax ji, jàmm.» Ba tey jii sarxalukaay
baa nga ca Ofra gu Abiyesereen ña.

### *Sedeyoŋ tas na tuur ya*

25 Guddig keroog Aji Sax ji moo wax
Sedeyoŋ, ne ko: «Jëlal sa yëkku baay wu
ndaw wi ak weneen yëkk wu am juróom
ñaari at, nga màbb sarxalukaay bi sa baay
di jaamoo Baal, te bantu tuurum Asera bi
ci wetam, nga gor ko.
26 Gannaaw loolu tabaxal ab
sarxalukaay, ñeel sa Yàlla Aji Sax ji, ni mu
ware, ci kaw béreb bu kawe boobu, te nga
jël yëkk wu mag wi, nga def ko saraxu
rendi-dóomal booy lakke mattam tuur ma
nga gor.»
27 Ci kaw loolu Sedeyoŋ tippe ciy
surgaam fukki góor, daldi def loolu na ko
ko Aji Sax ji sante. Waaye guddi la ko def,
defu ko bëccëg ndax ragal waa kër
baayam ak waa dëkk ba.
28 Ca ëllëg sa waa dëkk ba xëy, gisuñu lu
moy sarxalukaayu Baal ba rajaxoo, ak
bantu tuur ba damm ca wet ga, ak yëkk
wu mag wa ñu sarxal ca kaw sarxalukaay
ba fa tabaxe.
29 Ñuy wax ca seen biir, naan: «Moo ku
def jëf jii?» Ba ñu seetee mbir ma ba seppli
ko, ca lañu ne: «Sedeyoŋ doomu Yowas
moo def jëf jii.»
30 Waa dëkk ba nag ne Yowas: «Génneel
sa doom, mu dee. Moo màbb
sarxalukaayu Baal, moo gor tuurum
Asera ma ca wet ga.»
31 Yowas wax ak mboolem ña ko àkksi,
ne leen: «Ndax yeenay layool Baal, am
yeena koy wallu? Képp ku fi layool Baal,
day dee balaa ëllëg. Su Baal dee yàlla, na
layool boppam, ndax ab sarxalukaayam
lañu màbb.»
32 Bésub keroog Yerubaal (muy firi Na
Baal layool boppam) lañu woowe Sedeyoŋ
ngir la Yowas ne: «Na Baal layool boppam,
ndax ab sarxalukaayam lañu màbb.»

### *Sedeyoŋ sàkku na firnde*

33 Ci kaw loolu waa Majan gépp ak
Amalegeen ña ak waa penku ñoo bokk
daje; ñu jàll dexu Yurdan, ba dali ca xuru
Yisreel.
34 Ba loolu amee leerug Aji Sax ji sang
Sedeyoŋ. Mu wal bufta ba, Abiyesereen ña
wàllsi, topp ko.
35 Mu yónni nag ay ndaw ca giirug
Manase gépp, ñoom it wàllsi, topp ko.
Gannaaw loolu mu dellu yónni ay ndaw ca
giiri Aser ak Sabulon ak Neftali, ñooña
bokk dikk, dajeek ñoom.
36 Sedeyoŋ ne Yàlla: «Ndegam sama loxo
nga namma walloo Israayil, noonu nga ko
waxe,
37 maa ngii di teg ag kawaru wateefu jur
fi bàccukaayu pepp bi. Su lay bi faamul
lenn lu moy kawaru wateef gi rekk, te
suuf si sépp wow koŋŋ, ma daldi xam ne
sama loxo ngay walloo Israayil, noonu
nga ko waxe.»
38 Noonu it la mbir ma ame. Ca ëllëg sa,
suba teel la Sedeyoŋ dikk, nal kawar ga,
woñ ko, génne ca ab lay bu fees ndab.
39 La ca tegu Sedeyoŋ ne Yàlla: «Ngalla
bul sànju ci sama kaw, ma ñemee waxati
benn yoon rekk; naa seetlooti mbir mi ci
kawaru wateefu jur gi bii yoon rekk.
Ngalla na kawaru wateefu jur gi doŋŋ
wow koŋŋ, te suuf sépp laye.»
40 Noonu it la Yàlla def guddig keroog;
kawaru wateefu jur ga doŋŋ a wow, te
suuf sépp laye.

# 7

## *Sedeyoŋ waajal na xare*

1 Gannaaw ba loolu amee, Yerubaal
moomu di Sedeyoŋ moo teela xëy ca ëllëg
sa, mook mboolem gàngoor ga ànd ak
moom, ñu dali ca wetu bëtu ndoxu Arodd.
Waa dalub Majan ñoom, féete leen
bëj-gànnaar, feggook tundu More, ca xur
wa.
2 Aji Sax ji ne Sedeyoŋ: «Gàngoor gi nga
àndal moo ëpp ba duma mana teg waa
Majan ci seen loxo. Lu ko moy Israayil
tëggu ci sama kaw ne: “Sama loxol bopp a
ma wallu.”
3 Kon nag yéeneel gàngoor gi, ne leen:
“Képp kuy ragal aka yox-yoxi, na dëpp, ne
coww jóge tundu Galàdd te dem.”» Ba mu
yéenee loolu, ñaar fukki junniy nit ak ñaar
(22 000) ñoo ñibbi, fukki junni (10 000) des.
4 Aji Sax ji ne Sedeyoŋ: «Gàngoor gi ëpp
na ba tey. Yóbbu leen ba ca ndox ma, ma
tànnal la leen foofa. Ku ma ne la kii na ànd
ak yaw, kookaay ànd ak yaw; waaye ku
ma ne la kii bumu ànd ak yaw, kooka
bumu dem.»
5 Ci kaw loolu Sedeyoŋ yóbbu gàngoor ga
ba ca ndox ma. Aji Sax ji ne ko: «Képp kuy
as ci ndox mi, xab, nib xaj, beddi ko mu
fare ag wetam, képp ku sukk bëti óomam,
dëtëmu it, noonu.»
6 Ba loolu amee ña as seen loxo, xab, di
ñetti téeméer (300). Ña des ca gàngoor ga
gépp, seen bëti óom lañu sukk, dëtëmu.
7 Aji Sax ji ne Sedeyoŋ: «Ñetti téeméeri
nit ñi xab, ñoom laa leen di xettalee, ba teg
waa Majan ci sa loxo. Na gàngoor gi ci des
gépp dem, ku ci ne ñibbi këram.»
8 Ba mu ko defee nit ña xab nangu dund
baak bufta ya gàngoor ga ca des yore
woon, Sedeyoŋ yiwi waa Israayil, ñu ñibbi
seeni kër, mu des ak ñetti téeméer ña.

Booba dalu Majan baa nga leen féete
suuf, ca xur wa.
9 Guddig keroog Aji Sax ji moo wax
Sedeyoŋ ne ko: «Jógal wàcci ca dal ba, maa
leen teg ci sa loxo.
10 Waaye yaw soo ragalee, njëkkala wàcc,
nga ànd ak Pura sa surga, ba ca dal ba.
11 Dinga dégg la ñuy wax, te kon nga
dëgëral saw fit ba songi dal ba.» Ba loolu
amee Sedeyoŋ wàcc, mook Pura, surgaam,
ba ca catal làngu xarekat ya ca dal ba.
12 Booba waa Majan ak Amalegeen ña
ak mboolem waa penku, ña nga ne fureet
ca joor ga, def ndiiraan lu mel niy njéeréer,
ndax bare. Seen giléem ya nag wees na
lim, ndax bare ba tollu ni feppi suufas
géej.
13 Ba Sedeyoŋ agsee, ci jenn waay la
yem, muy nettali moroom ma géntam. Ma
nga ko naa: «Dama ne, gii gént gu ma gént!
Du lenn lu moy menn mburum lors mu
wërngalu di béraŋu wër dalu Majan bi.
Mburu mee dikk ba cib xayma, dóor ko,
jàllarbi ko, mu ne jànjaŋ.»
14 Moroom ma ne ko: «Loolu de du lenn
lu moy saamarub Sedeyoŋ doomu Yowas,
bànni Israayil bi. Yàlla moo teg ci loxoom
waa Majan ak dal bi bépp.»

15 Ba Sedeyoŋ déggee gént gaak piri ma,
mu sujjóotal Yàlla, doora dellu ca dalu
Israayil. Mu yéene ne: «Jógleen, Aji Sax ji
teg na dalu Majan ci seen loxo!»
16 Ci kaw loolu mu séddale ñetti téeméeri
nit ña ñetti kuréel; ku nekk, mu jox ko ab
bufta, di liit gu ñu defare béjjénu kuuy, ak
xottu njaq akub jum bu yebe ci njaq lu
nekk.
17 Mu ne leen: «Ci man ngeen di xool, lu
ma def, ngeen def ko. Bu may àgg ca catu
dal ba rekk, lépp lu ma def, defleen ko.
18 Bu ma walee bufta bi, maak ñi ma
àndal ñépp, yeen it ngeen walandoo seeni
bufta, fi wër dal bi bépp, te ngeen
xaacoondoo ne: “Ngir Aji Sax ji, ngir
Sedeyoŋ!”»

## *Aji Sax ji may na bànni Israayil ndam*

19 Sedeyoŋ moo ànd ak téeméeri góor, ba
ca catu dal ba, ca ndoortel wattub xaaju
guddi, fekk kuréel ga aye wattu doon awsi,
kuréel ga waroona wàcc. Ñoom Sedeyoŋ
nag wal bufta ya, toj njaq ya.
20 La ca tegu ñetti làng yépp walandoo
bufta ya, tojandoo njaq ya. Jum yaa nga
ñu ŋàbb ca seen loxol càmmoñ, bufta ya
ŋëbe ca seen loxol ndijoor, ñuy wal, teg ca
di xaacu naan: «Saamar ñeel na Aji Sax ji,
ñeel Sedeyoŋ!»

21 Ña nga taxaw, ku nekk ca sa bérebu
bopp, ñu gaw dal ba. Dalub Majan bépp
fëlxoo, yuuxoo, di daw.
22 Ba ñetti téeméeri bufta ya jibandoo,
saamaru ku ci nekk la Aji Sax ji teg
moroom ma, ca dal ba bépp, ñuy jamante.
Gàngooru Majan gépp nag daw a daw ba
Bet Sita, jëm Cerera, bay bëgga jot Abel
Mewola ga feggook Tabat.
23 Ba loolu amee ab wooteb ndaje jib,
ñeel bànni Israayil gi bokk ci giirug Neftali
ak giirug Aser ak giirug Manase gépp. Ñu
ànd dàqi waa Majan.
24 Ci biir loolu Sedeyoŋ yónni ay ndaw
ca diiwaanu tundu Efrayim bépp. Ñu wax
leen ne leen: «Demleen kari waa Majan te
ngeen jiituji leen fu ñu mana jote am
ndox, ba ca Bet Bara ak ca tàkkal dexu
Yurdan.» La ca tegu giirug Efrayim gépp
daje, ñu jiituji waa Majan fépp fu ñu mana
jote am ndox, ba ca Bet Bara, ak ca tàkkal
dexu Yurdan.
25 Ba mu ko defee ñu jàpp ñaari kilifay
waa Majan: Oreb ak Seeb. Oreb lañu rey
ca doju Oreb wa ñu ko mujj dippee, Seeb,
ñu rey ko ca nalukaayu reseñu Seeb, ba ñu
ko mujj dippee. Gannaaw loolu ñu dàqeeti
waa Majan. Oreb ak Seeb nag, seeni bopp,
Sedeyoŋ lañu ko yót, ca wàllaa dexu
Yurdan.

# 8

1 Gannaaw ba loolu wéyee, Efraymeen
ña ñoo wax Sedeyoŋ, ne ko: «Yaw, li nga nu
def nag? Lu tax ba ngay xarejeek waa
Majan woowuloo nu?» Jote bu metti lañu
ca joteek Sedeyoŋ.
2 Teewul mu ne leen: «Ndaxam man de, li
ma def du dara, soo ko seetee ci jaloore ji
ngeen def. Yeen waa Efrayim kay, seen
raasum reseñ sax moo ëpp wittum reseñ
mu làngu Abiyeser gi ma bokk;
3 ndax yeen la Yàlla teg ci seen loxo Oreb
ak Seeb, kilifay waa Majan yooyu. Ana lu
ma def, man, lu ni tollu?» Naka la leen
wax loolu, ñu giif, ba ko.

### *Sedeyoŋ jàpp na buuri Majan*

4 Ba loolu amee Sedeyoŋ dem ba àgg
dexu Yurdan. Mu jàll, mook ñetti téeméeri
nit ña mu àndal. Fekk na leen ñu sonn, te
teewul ñu wéye dàqe.
5 Ba ñu àggee Sukkót, Sedeyoŋ dafa wax
waa dëkk ba, ne leen: «Ngalla may leen
sama gàngoor gi ma àndal ay kàmpi mburu.
Sonn nañu te man, buuri Majan yi, Sebax
ak Calmuna, ñoom laay dàqi nii.»
6 Kilifay Sukkót ya ne ko: «Yaw dangaa
xaaja jàpp ci loxol Sebax ak Calmuna sax,
ba nuy may sa mbooloo mi mburu?»
7 Sedeyoŋ ne leen: «Baax na, bu Aji Sax ji
tegee Sebax ak Calmuna ci sama loxo déy,
dégi màndiŋ meeki daggam laay bàcce
seen yaram.»
8 Sedeyoŋ bàyyikoo foofa, dem Penuwel.
Waa dëkk booba it, mu ñaan leen loolu.
Waa Penuwel tontu ko la ko waa Sukkót
tontu woon.
9 Mu ne waa Penuwel: «Bu ma délseek
jàmm, seen tata jii laay màbb.»
10 Booba Sebax ak Calmuna ña nga ca
Karkor, ñook seeni gàngoor, tollu ci fukki
junniy nit ak juróom (15 000), muy
mboolem la des ca mboolem gàngoori waa
penku, ndax téeméer ak ñaar fukki junniy
(120 000) xarekat lañu reyoon ca ñoom.
11 Sedeyoŋ daldi topp yoonu màngaan yi
dëkke xayma; ca penkub Noba ak
Yogbowa la jaare ba bett dalu waa Majan,
fekk leen ñu naagu, mu duma leen.
12 Ci biir loolu Sebax ak Calmuna, ñaari
buuri Majan ya daw, Sedeyoŋ dàq Sebax
ak Calmuna, ba jàpp leen. Gàngoor ga gépp,
mu fëlxe leen.

### *Sedeyoŋ mbugal na waa Sukkót ak Penuwel*

13 Ba Sedeyoŋ doomu Yowas bàyyikoo ca
xare ba, jaare mbartalum Eres,
14 ab xalelu góoru waa Sukkót la jàpp,
laaj ko, ba mu bindal ko turi kilifay Sukkót
ak mag ña, seenub lim di juróom ñaar fukk
ak juróom ñaar (77).
15 Mu dikk ba ca waa Sukkót, ne leen:
«Xanaa du Sebax ak Calmunaa ngii, ñoom
ñi ngeen ma doon kókkalee, naa ma yaw
dangaa xaaja jàpp ci loxol Sebax ak
Calmuna sax, ba nuy may sa nit ñu sonn ñi
mburu?»
16 Ba loolu amee mu jàpp magi Sukkót.
Gannaaw loolu, ay dég aki dagg la sàkke ca
màndiŋ ma, ba xamal leen ca mbir.

17 Tatay Penuwel ba it da koo màbb, rey
góori gox ba.
18 Ba loolu wéyee Sedeyoŋ laaj Sebax ak
Calmuna, ne leen: «Ña ngeen reyoon ca
Tabor, nu ñu mel?» Ñu ne ko: «Ku la gis
daal, gis na leen. Ku ci nekk doomu buur
lay nirool.»
19 Mu ne leen: «Sama doomi ndey lañu,
noo bokk menn meen. Giñ naa ko ci Aji
Sax jiy dund, su ngeen leen ba woon ñu
dund, kon tey duma leen rey.»
20 Mu ne Yeter, ab taawam: «Jógal
reyleen.» Teewul ngóor sa ragal ba
bocciwul saamaram, ndax booba day
gone.
21 Sebax ak Calmuna daldi ne: «Jógal
yaw ci sa bopp, nga jam nu; góor ca doole
ja.» Sedeyoŋ nag rey Sebax ak Calmuna.
Ci kaw loolu mu jël digal ya woon ca seen
baati giléem ya.

## *Sedeyoŋ gàntu na nguur ga*

22 Ba loolu weesoo bànni Israayil ñoo
wax Sedeyoŋ, ne ko: «Yilif nu, yaak sa
doom, ba ci sab sët, ndax yaa nu musal ci
waa Majan.»
23 Sedeyoŋ ne leen: «Déedéet, du man
maa leen di yilif, sama doom it du leen
yilif. Aji Sax ji moo leen di yilif.»
24 Sedeyoŋ dellu ne leen: «Lenn daal laay
sàkku ci yeen: Na ma ku nekk ci yeen jox
ab jaarob nopp ci alalu sëxëtoom.» Booba
ay jaaroy nopp yu wurus la waa Majan
daan takk, ndax moo doon baaxu
Ismayleen ñi.
25 Ñu ne ko: «Noo la koy jox kay!» Ñu lal
malaan, ku nekk sànni ca jaarob nopp bu
bokk ca alalu sëxëtoom.
26 Diisaayu jaaroy wurus ya Sedeyoŋ
sàkku, junniy siikali wurus ak juróom ñaari
téeméer (1 700) la, mu tollu ci ñaar fukki
kilo, te bokkewul ak caqi wurus ya, ak
loŋ-loŋ ya, ak yérey buuri Majan yu xonq
curr ya, ak digal ya woon ca seen baati
giléem ya.
27 Wurus wa, mbubbam xar-sànni la ca
Sedeyoŋ defarlu, ba teg ko ca Ofra, dëkk
ba mu fekk baax. Israayil gépp nag di fa
bokkaalee xar-sànni ma, mu doon ag fiir
guy xiirtal Sedeyoŋ ak waa këram ci moy.

## *Jamonoy Sedeyoŋ jeex na*

28 Ba mu ko defee waa Majan nangul
bànni Israayil, siggeetuñu. Jàmm nag am ca
réew ma diiru ñeent fukki at, ca janti
Sedeyoŋ.
29 Gannaaw gi Yerubaal doomu Yowas
dellu këram, toog fa.
30 Sedeyoŋ amoon na juróom ñaar fukki
doom yu góor yu mu jur ci geñoom, ndax
jabar yu bare la amoon.
31 Nekkaaleem ba woon ca Sikem moom
itam, doom ju góor la ca am, tudde ko
Abimeleg.
32 Gannaaw gi Sedeyoŋ doomu Yowas
faatu, fekk ko màggat lool. Ñu denc ko ca
xuntum bàmmeelu Yowas baayam, ca Ofra
gu Abiyesereen ña.
33 Gannaaw ba Sedeyoŋ faatoo, bànni
Israayil dañoo walbatiku, di bokkaaleek
tuur ya ñu naa Baal, ba far def Baal Berit
seen yàlla,
34 fàttalikuwuñu seen Yàlla Aji Sax ji leen
xettali ci seen noon yi leen séq yépp.
35 Jëfewuñu ngor it seen digganteek waa
kër Yerubaal, maanaam Sedeyoŋ, ak
mboolem lu baax li mu defal Israayil.

# 9

## *Abimeleg falu na ca Sikem*

1 Abimeleg doomu Yerubaal ju góor moo
dem ca càmmiñi yaayam ca Sikem. Mu
wax ak ñoom ak mboolem waa làngi
maamam ju góor ji jur yaayam. Mu ne
leen:
2 «Dangeen di laaj kàngami Sikem yépp, ne
leen: “Lan moo leen gënal ci yii yaar:
juróom ñaar fukki doomi Yerubaal yépp
yilif leen, am kenn doŋŋ yilif leen? Man
miy seen deret, di seen mbokk lenqe nag,
bàyyileen ma xel.”»
3 Ba loolu amee ay nijaayam yegge
mboolem kàngami Sikem kàddu yooyu
yépp. Seenub xol nag jengal Abimeleg,
ndax dañu ne: «Kii kat mooy sunu
mbokk.»
4 Ba mu ko defee ñu jox ko juróom ñaar
fukki siikali xaalis, bu ñu jële ca seen kër
tuur ma ñuy wax Baal Berit. Abimeleg
feye ko ay nit ñu tekkeedi te yaroo seen
sago. Ñooña topp ca gannaawam.

5 Mu dem nag kër baayam, ca Ofra, daldi
rendi ci wenn doj juróom ñaar fukki góor
ya mu bokkal seen baay. Mennum Yotam,
doomu Yerubaal ju góor ja gën di ndaw
moo ca des, te daa làqu woon.
6 Ba loolu amee mboolem kàngami
Sikem ak Bet Milo gépp dajeji ca garabu
Sikem gu mag ga feggook doj wa. Fa lañu
fal Abimeleg buur.

## *Yotam léeb na bànni Israayil*

7 Ba ñu àggee Yotam mbir ma, dafa yéeg
ba ca kaw tundu Garisim. Mu àddu ca kaw
ne: «Waa Sikem dégluleen maa, ndax Yàlla
déglu leen.
8 «Garab yee dogu woon, ne dañuy fali
seen buur. Ñu ne Oliw: “Falul, di sunu
buur.”
9 Oliw ne leen: “Xanaa duma dakkal
sama diwu tànnéef gii ñuy terale Yàlla, te di
ko terale nit ñi, dem naa damay jaay doole
ci kaw garab yi?”
10 Garab yi nag ne garabu Figg: “Yaw
ñëwal boog falu, di sunu buur.”
11 Figg ne leen: “Xanaa duma dakkal
sama tem-tem jii ak sama meññeef mu
neex mi, naan damay jaay doole ci kaw
garab yi?”
12 Garab ya ne Reseñ: “Kon yaw ñëwal
falu, di sunu buur.”
13 Reseñ ne leen: “Xanaa duma dakkal
sama biiñ bu bees biy bégal Yàlla ak nit ñi,
naan damay jaay doole ci kaw garab yi?”
14 Ba mu ko defee garab yépp ne Dédd:
“Kon nag yaw, ñëwal falu, di sunu buur.”
15 Dédd ne garab ya: “Su ngeen ma
bëggee fal, may seen buur, jiite leen, te
muy dëgg ci yeen, ñëwleen làqu ci sama
ker, lu ko moy nag yal na sawara tàkke ci
dédd bi, lakki ba ca garabi seedari Libaŋ.”
16 «Léegi nag, ndegam dëgg akug mat
ngeen jëfe, ba fal Abimeleg buur, ndegam
it jëf la ju ngeen baaxee Yerubaal ak waa
këram, ba feye ko ko lu mu leen ji,
17 te ndaxam déy, sama baay xareel na
leen, jaay bakkanam, ba xettali leen ci
waa Majan;
18 teewul tey yeena jógal sama waa kër
baay, ba boole juróom ñaar fukki doomam
yu góor, bóom leen ci wenn doj, te yeena
fal buur ci kaw kàngami Sikem, Abimeleg
doomu jaamam bu jigéen, ndax li muy
seen mbokk!
19 Kon ndegam dëgg akug mat ngeen
jëfeek Yerubaal ak waa këram tey jii, yal
nangeen am bànneex ci Abimeleg, te
moom it mu am bànneex ci yeen.
20 Lu ko moy nag, yal na sawara tàkke fa
Abimeleg, xoyom kàngami Sikem ak Bet
Milo, tàkkeeti ca waa Sikem ak Bet Milo,
xoyom Abimeleg.»
21 Ba loolu amee Yotam daw a daw ba
Beer, daldi sanci foofa, ngir mucc ci
doomu baayam Abimeleg.

## *Waa Sikem fippu nañu*

22 Ñetti at la Abimeleg moom Israayil.
23 Gannaaw gi, Yàlla yebal ngelaw lu aay
luy féewale Abimeleg ak kàngami Sikem.
Kàngami Sikem wor Abimeleg,
24 ngir peyug jëfi coxor ja dal juróom
ñaar fukki doomi Yerubaal yu góor ba seen
deret tuuru, ngir këpp ko Abimeleg, mook
kàngami Sikem ya ko jàppale woon, ba mu
bóom doomi baayam yooyu.
25 Ci kaw loolu kàngami Sikem di wuta
yàqal Abimeleg, ba teg ay tërukat ca kaw
tund ya, ñuy nangu alalu képp ku jaare ca
yoon wa. Ñu daldi koy yegge Abimeleg.
26 Ci biir loolu Gaal doomu Ebedd ju
góor ànd aki bokkam, dikk Sikem. Kàngami
Sikem nag wóolu ko.
27 Gannaaw gi, ñu ànd dem ca tool ya,
witt seen tóokëru reseñ, nal, di bànneexu.
La ca tegu ñu dem ca seen kër tuur ma. Ña
ngay lekk aka naan, tey sewal Abimeleg.
28 Gaal doomu Ebedd ne: «Ana kuy
Abimeleg, ak nooy kan ci Sikem gii, bay
nangul Abimeleg? Xanaa du doomu
Yerubaal, Sebul di jaraafam? Dama ne
nangulleen waa kër Amor, mi sanc Sikem.
Lu waral nuy nangul Abimeleg?
29 Éy ku tegoon askan wii ci sama loxo,
ba ma jële fi Abimeleg! Kon dama naan
Abimeleg: “Dajaleel sa gàngoor te génn fii,
nu xare!”»
30 Ba mu ko defee Sebul jaraafu dëkk ba
dégg kàddu yooyu Gaal doomu Ebedd wax.
Xolam tàng ca,
31 mu yónni ndànk ay ndaw ca Abimeleg,
ne ko: «Gaal doomu Ebedd aki bokkam kat

dikk nañu Sikem, te ña nga noonee di
xabtal waa dëkk bi ci sa kaw.
32 Kon nag dangay jóg guddi, yaak
gàngoor gi nga àndal, nga lal am tëru ca àll
ba.
33 Bu ëllëgee ba jant biy fenk rekk, sàqil
ci kaw dëkk bi. Gaal ak gàngoor gi mu àndal
duñu def lu moy génn dajeek yaw, su ko
defee nga def ko loo man.»
34 Ci kaw loolu Abimeleg jóg guddi,
mook mboolem gàngoor ga mu àndal, ñu lal
am tëru fa janook Sikem, def ñeenti kuréel.
35 Ba Gaal doomu Ebedd génnee ba
taxaw ca buntu dëkk ba, Abimeleg ak
gàngoor ga mu àndal ne pëll, génne fa ñu
doon tëroo.
36 Gaal séen gàngoor ga, ne Sebul:
«Gàngoor a ngii di wàcce ca kaw tund ya!»
Sebul ne ko: «Takkndeeri tund yi de nga gis,
ñu mel niy nit.»
37 Gaal dellu ne: «Ma ne gàngoor a ngii di
wàccsi, jóge kaw tundu digg bi, ak menn
mbooloo muy dikk, jóge yoonu garabu
seen gu gisaanekat ya!»
38 Sebul ne ko: «Ana sa réy làmmiñ gi nga
doon waxe naan kuy Abimeleg ba ñu di ko
nangul? Xanaa du gàngoor gii nga doon
tuutal? Génnal rekk nag, xeex ak ñoom!»
39 Gaal nag génn, jiitu kàngami Sikem.
Mu daldi xareek Abimeleg.
40 Abimeleg dàq ko, mu daw, nitam ñu
bare daanu, ne lareet, ba ca buntu dëkk
ba.
41 Ba loolu amee Abimeleg sanci Aruma,
Sebul boole Gaal aki bokkam, génne leen
Sikem, aaye leen fa.
42 Ca ëllëg sa waa Sikem di waaja génn
jëm ca tool ya. Ñu àgge ko Abimeleg.
43 Abimeleg dajale gàngoor ga, séddale
leen ñetti mbooloo. Mu lal am tëru ci àll bi.
Ba mu gisee waa dëkk ba di génne ca dëkk
ba rekk, dafa jóg, ne milib ca seen kaw.
44 Abimeleg ak mbooloo mi mu àndal
ñoo riir wuti buntu dëkk ba, taxaw fa, ñaari
mbooloo ya ca des riir, dali ca mboolem
ña nekkoon ca àll ba, ba duma leen.
45 Bésub keroog bépp la Abimeleg xareek
dëkk ba, ba nangu ko, ña ca dëkk, mu rey
leen. Mu yàq dëkk ba yaxeet, suy fa xorom.
46 Ba mboolem kàngami Sikem ya ca
tatam Sikem déggee loola, ca lañu làquji, ca
pax ma ñu gas ca kër tuur ma ñuy wax
Berit, def ko néegu rawukaay.
47 Ñu yegge Abimeleg ne ko mboolem
kàngami Sikem ya dëkk ca tatam Sikem
daje nañu.
48 Mu daldi yéegi tundu Calmon mook
mboolem gàngoor gi mu àndal. Ci kaw
loolu Abimeleg jël ab sémmiñ, dog caru
garab, yékkati, teg ci mbaggam. Mu ne
gàngoor ga mu àndal: «Nu ngeen gis ma def
ko rekk, gaawleen def noonu.»
49 Gàngoor gépp itam, ku ci nekk dog ab
caram, ñu topp ca gannaaw Abimeleg. Ci
kaw loolu ñu jal car ya fa sës ca néegu
rawukaay ba, daldi koy taal ca kaw ña ca
biir. Ba mu ko defee waa taaxum Sikem
yépp dee, tollook junniy nit, góor ak jigéen.

*Abimeleg xare na ba dee*

50 La ca tegu Abimeleg dem Tebecc, dal
fa janook dëkk ba. Ci kaw loolu mu nangu
ko.
51 Tata ju ñu dàbbali moo nekkoon ca biir
dëkk ba. Waa dëkk ba bépp nag, góor ak
jigéen, daw làquji fa; ñu tëju ca biir, daldi
yéeg ca kaw taax ma.
52 Abimeleg dikk ba ca tata ja, song ko.
Naka la dikk ba jege buntu tata ja, nar koo
taal,
53 as ndaw rotal aw doju wolukaay wu
mag wu jóge ca kaw, mu xar kaaŋ ma.
54 Abimeleg gaaw woo xale bu góor ba
yor ngànnaayam, ne ko: «Boccil sa saamar,
te jekkali ma, ndax kenn du ne jigéen a ma
rey!» Xale bu góor ba jam ko, mu dee.
55 Waa Israayil nag gis ne Abimeleg dee
na, ku ne daldi ñibbi.
56 Noonu la Yàlla delloo Abimeleg jëf ju
bon ja mu defoon baayam, ba mu reyee
juróom ñaar fukki doomi baayam.
57 Mboolem mbonug kàngami Sikem
itam, ci seen kaw bopp la ko Yàlla këpp.
Ñaanu alkànde gu Yotam doomu Yerubaal,
noonu la dale ca seen kaw.

# 10

*Yeneeni njiit falu nañu ca Israayil*

1 Gannaaw Abimeleg, Tola doomu Puwa
doomu Dodo, mi bokk ci giirug Isaakar
moo jóg ngir wallu Israayil. Ma nga
dëkkoon Samir ca diiwaanu tundi Efrayim.

[2] Ñaar fukki at ak ñett la jiite Israayil. Ba
mu deewee, ca Samir lañu ko denc.
[3] Ki ko wuutu mooy Yayir, askanoo ci
Galàdd. Ñaar fukki at ak ñaar la jiite
Israayil.
[4] Fanweeri doom yu góor la amoon; ñuy
war fanweeri mbaam, moom fanweeri
gox yu ñuy woowe Sanci Yayir ba sunu
jonni yàllay tey. Sanc yaa nga ca diiwaanu
Galàdd.
[5] Ba Yayir faatoo, ca Kamon lañu ko
denc.

## *Amoneen ña song nañu Israayil*

[6] Bànni Israayil nag dellu di def li Aji Sax
ji ñaawlu, di jaamu ay tuur yu ñuy wax
Baal ak Astàrt ak tuuri waa Siri ak tuuri
waa Sidon ak tuuri waa Mowab ak tuuri
Amoneen ña ak tuuri Filisteen ña. Aji Sax
ji lañu wacc, jaamootuñu ko.
[7] Ba mu ko defee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Israayil, mu wacc leen ci loxol Filisteen ñi
ak Amoneen ñi.
[8] At mooma lañu dale dëggaate aka noot
bànni Israayil. Fukki at ak juróom ñett lañu
noot mboolem bànni Israayil ga dëkkoon ca
wàllaa dexu Yurdan, fa doon réewum
Amoreen ña ca diiwaanu Galàdd.
[9] Dexu Yurdan sax Amoneen ña jàll
nañu ko ba xarejeek Yudeen ña itam, ak
Beñamineen ñaak waa kër Efrayim. Israayil
nekke njàqare ju réy.
[10] Bànni Israayil nag woo Aji Sax ji wall,
ne ko: «Noo la moy de, ndax noo wacc
sunu Yàlla, di jaamu ay tuuri Baal.»
[11] Aji Sax ji wax bànni Israayil, ne leen:
«Xanaa du maa leen xettali woon ci waa
Misra ak Amoreen ñaak Amoneen ñaak
Filisteen ña?
[12] Te itam waa Sidon ak Amalegeen ñaak
Mawoneen ña noot nañu leen, ngeen woo
ma wall, ma wallu leen ci ñoom.
[13] Yeen nag ngeen wacc ma, di jaamu
yeneen yàlla. Kon nag duma leen wallooti.
[14] Doxleen woowi wall yàlla yi ngeen
tànn. Ñoom nañu leen wallu ci seen jantub
njàqare.»
[15] Bànni Israayil ne Aji Sax ji: «Noo moy
de. Def nu mboolem lu la neex, waaye
ngalla waay, xettali nu bésub tey jii.»
[16] Ci kaw loolu ñu jële ca seen biir, yàllay
jàmbur ya, daldi dellu di jaamu Aji Sax ji,
ba Aji Sax ji xajootul seen coono.
[17] Ci biir loolu Amoneen ña daje, dali ca
Galàdd, bànni Israayil daje, dali ca Mispa.
[18] Askan wa ak seen njiit ya ca Galàdd di
wax ca seen biir naa: «Ana kuy njëkka
songi Amoneen ñi? Kooku mooy doon
kilifag mboolem kuy yewwoo Galàdd.»

# 11

## *Askan wi jiital nañu Yefte*

[1] Ku ñuy wax Yefte waa Galàdd ba, ñeyi
xare bu jàmbaare la woon. Moom yaayam,
ab gànc la woon. Yefte, Galàdd ay baayam.
[2] Jabaru Galàdd nag am ak Galàdd
yeneen doom yu góor. Ba ñooña màggee
dañoo dàq Yefte, ne ko: «Yaw doo donn ci
sunu kër baay, ndax sa yaay ab
doxandéem la.»
[3] Ci kaw loolu Yefte daw doomi baayam
ya, daldi sanci ca réew ma ñuy wax Tob. Ba
loolu amee ay nit ñu tekkiwul dara lëkkoo
faak moom, ànd ak moom.
[4] Ñu teg ca ay fan, Amoneen ña di xareek
Israayil.
[5] Naka la Amoneen ña di xareek
Israayil, magi Galàdd ña dem jëleji Yefte fa
réewum Tob.
[6] Ñu ne Yefte: «Dikkal doon sunu kilifa,
ndax nu mana jëflanteek Amoneen ñi.»
[7] Yefte ne magi Galàdd ña: «Xanaa du
yeen yeena ma bañoon, ba dàqe ma sama
kër baay? Ana lu ngeen dikke fi man tey,
bi ngeen jàqee?»
[8] Magi Galàdd ña ne Yefte: «Moo tax nag
tey nu walbatiku dikk fi yaw, ngir nga ànd
ak nun, xareek Amoneen ñi. Yaay doon
sunu kilifa, yilif mboolem kuy yewwoo
Galàdd.»
[9] Yefte ne magi Galàdd ña: «Baax na!
Ndegam su ngeen ma yóbboo, ma xarejeek
Amoneen ña, ba Aji Sax ji teg leen fi sama
kanam, su boobaa man maay doon seen
kilifa kay!»
[10] Magi Galàdd ña ne Yefte: «Aji Sax jee
nuy seede, ndegam ni nga ko waxe, du
noonu lanu ko defe.»
[11] Ba loolu amee Yefte ànd ak magi
Galàdd ña, askan wa def ko seen kilifa, def
ko njiital xarekat ya. Mboolem kàdduy

Yefte ya mu digoo woon ak magi Galàdd ña nag, Yefte jaaraat na ca fa kanam Aji Sax ji fa Mispa.

### *Yefte yónnee na ca Amoneen ña*

12 Ba loolu amee Yefte yónni ay ndaw ca buurub Amoneen ña, wax ko, ne ko: «Ana lu ma joteek yaw, ba nga dikk fi sama kaw, ngir xareek samam réew?»
13 Buuru Amoneen ña wax ndawi Yefte ya, ne leen: «Ba Israayil jógee Misra, ñoo nangu sunu suuf, si dale dexu Arnon ba dexu Yabog, ba ca dexu Yurdan. Léegi nag dellooleen ko, ci jàmm.»
14 Yefte dellu yónni ay ndaw ca buurub Amoneen ña,
15 ñu wax ko, ne ko:
«Yefte dafa wax ne: Israayil nanguwul suufas Mowabeen ñi, nanguwul suufas Amoneen ñi.
16 Waaye ba bànni Israayil génnee Misra, ca màndiŋ ma lañu jaare, ba ca géeju Barax ya, ba àgg Kades.
17 Gannaaw loolu Israayil yónni ay ndaw ca buurub Edom, ne ko: “May nu nu jaare ci sam réew”, waaye buurub Edom dégluwu leen. Buuru Mowab itam, yónnee nañu ca moom, nanguwul. Israayil nag des ca Kades.
18 Noonu lañu jaare ca màndiŋ ma, wër réewi Edom ak Mowab. Fa penkub réewum Mowab lañu aweji, ba dali ca wàllaa dexu Arnon. Kon nag jaarewuñu suufas Mowab, ndax dexu Arnon mooy kemu Mowab.
19 «Gannaaw gi, Israayil yónni ay ndaw ca Sixon buurub Amoreen ña, buur ba ca Esbon. Mu ne ko: “May nu nu jaare ci sam réew, ba àgg ca sunu suufas bopp.”
20 Waaye Sixon wóoluwul woon Israayil jaare am réewam. Gàngooram gépp la dajale, ba dali Yaxacc. Ci kaw loolu mu xareek Israayil.
21 Aji Sax ji Yàllay Israayil teg Sixon ak gàngooram gépp ca loxol Israayil, ñu duma leen. Noonu la Israayil nangoo mboolem réew moomu Amoreen ña dëkke woon.
22 Mboolem réewum Amoreen ña lañu nangu, dale ko dexu Arnon ca bëj-saalum, ba Yabog ca bëj-gànnaar, daleeti ca màndiŋ ma ca penku, ba ca dexu Yurdan ca sowu.
23 «Gannaaw nag Aji Sax ji Yàllay Israayil moo dàqal Israayil ñoñam, Amoreen ñi, ñu génn réew mi, xanaa du yaa koy nanguwaat?
24 Du yaa moom suuf si la Kemos sa tuur mi may? Kon, nun itam, mboolem suuf su nu sunu Yàlla Aji Sax ji may nu nangu ko, sañ nanu koo moom.
25 «Dangaa gën buuru Mowab, Balag doomu Cippor? Dafa masa xëccook Israayil fenn, mbaa muy xareek moom benn yoon?
26 Ñetti téeméeri at a ngii, Israayil dëkke Esbon, ak dëkk-dëkkaan yi ko wër, ak Arower ak dëkk-dëkkaan yi ko wër, ak mboolem dëkk yi ci tàkki dexu Arnon. Lu leen ko tere woona nangu ci diir boobu bépp?
27 Man de jàlluma la, waaye yaw yaa ma tooñ, songsi ma xare. Aji Sax ji àttekat bi nag, yal na àtte bésub tey jii diggante bànni Israayil ak Amoneen ñi.»
28 Teewul buurub Amoneen ña tanqamlu kàddu yooyu ko Yefte yóbbante.

### *Yefte dige naak Yàlla*

29 Ba mu ko defee leerug Aji Sax ji dikkal Yefte; mu jaare diiwaani Galàdd ak Manase, jaare Mispe gu Galàdd, bàyyikoo Mispe gu Galàdd, jàll ca Amoneen ña.
30 Ci biir loolu Yefte xasal Aji Sax ji aw xas, ne ko: «Soo tegee ba teg Amoneen ñi ci sama loxo,
31 ba ma bàyyikoo ca Amoneen ña, ñibbiseek jàmm, lépp lu génne sama buntu kër, gatandu ma, Aji Sax ji lay ñeel; maa koy def saraxu rendi-dóomal.»
32 Yefte jàll ba ca Amoneen ña, ngir xareek ñoom. Ci kaw loolu Aji Sax ji teg leen ci loxoom.
33 Ca Arower la leen dale duma, bay jub Minit, muy ñaar fukki dëkk, ba ca diiwaanu Abel Keramim, muy duma yu réy. Noonu la Amoneen ña nangule Israayil.
34 Naka la Yefte ñibbisi këram ca Mispa rekk, doomam ju jigéen génn gatandoo ko am tëgg akum pecc. Muy benn bàjjoom, amul jeneen doom ju ko moy; du góor, du jigéen.

[35] Naka la ko Yefte gis, ne yérey boppam
tareet, daldi ne: «Aax! Doom sama, yóbbe
nga ma toskare de; yaw itam déy indil nga
ma njàqare! Maa ubbi sama gémmiñ, xasal
Aji Sax ji te manumaa dellu gannaaw.»
[36] Mu ne ko: «Baay, yaa ubbi sa gémmiñ,
xasal Aji Sax ji. Kon nag def ma noonu mu
génne ci sa gémmiñ, gannaaw Aji Sax ji
feyul na la ca say noon, Amoneen ña.»
[37] Mu teg ca ne baayam: «Nañu ma defal
lenn rekk: may ma ñaari weer, ma dem ca
tund ya, jooyi fa maak samay moroom, li
may deewaale njanq.»
[38] Mu ne ko: «Demal», daldi koy bàyyi
ñaari weer, mu dem ca tund ya, mook
moroomi jigéenam, ngir jooyi fa li mu nara
deewaale njanq.
[39] Ba ñaari weer ya matee janq ba dellu
ca baayam, mu def ko la mu xasoon, te
fekkul mu xam góor. Loolu mujj di baax ci
Israayil,
[40] ba at mu nekk janqi bànni Israayil di
dem diiru ñeenti fan cim at, di jooy janqub
Yefte waa Galàdd ba.

# 12

## *Yefte jote naak Efraymeen ña*

[1] Efraymeen ñi ñoo daje woon jàll ba
Cafon, fekk fa Yefte. Ñu ne ko: «Lu tax nga
xarejeek Amoneen ña te nun, woowuloo
nu, nu ànd ak yaw? Sa kër nag lanuy taal
ci sa kaw.»
[2] Yefte ne leen: «Man de, jànkoonte bu réy
laa séqoon ak Amoneen ñi, maak sama
gàngoor. Ma woo leen, te wallusiwuleen
maak ñoom.
[3] Ba ma gisee ne wallusiwuleen ma laa
yemale dund ak dee rekk, jàll songi
Amoneen ña. Aji Sax ji nag teg leen ci
sama loxo. Kon ana lu ngeen dikke ci
sama kaw bésub tey, ngir xeex ak man?»
[4] Ci kaw loolu Yefte dajale góori Galàdd
ñépp, daldi xareek Efraymeen ña, ba
duma leen. Góori Galàdd duma niti
Efrayim ñi leen waxoon ne leen: «Yeen
waa Galàdd, dungeen lenn lu moy ay
daw-làqu yu rëcce Efrayim, jàllsi Manase.»
[5] Waa Galàdd nag aakimoo jàllukaayi
dexu Yurdan ya, ngir kar Efraymeen ña,
ba bu ku rëcce Efrayim dikkee ne:
«Mayleen ma ma jàll,» waa Galàdd laaj ko,
ne ko: «Ab Efraymeen nga?» Mu ne déet,
[6] ñu ne ko: «Neel “Sibolet”»; da naan:
«Simbolet,» ndax làmmiñu Efraymeenam
moo jubuwul boobu baat. Su ko defee ñu
jàpp ko, rey ko ca jàllukaayi dexu Yurdan.
Ñeent fukki junniy Efraymeen ak ñaar
(42 000) dee nañu, jant yooyu.
[7] Yefte nag juróom benni at la jiite
Israayil. Ba Yefte waa Galàdd ba faatoo, ca
dëkki Galàdd ya lañu ko denc.

## *Lu jëm ci njiit yi wuutu Yefte*

[8] Ibcan ma cosaanoo Betleyem moo ko
wuutu, jiite Israayil.
[9] Amoon na fanweeri doom yu góor, ak
fanweeri doom yu jigéen yu mu maye, ñu
séyi àll; mu jëlal nag ay doomam yu góor
fanweeri janq yu jóge àll. Juróom ñaari at
la Ibcan jiite Israayil.
[10] Ba Ibcan faatoo, ca Betleyem lañu ko
denc.
[11] Elon Cabuloneen ba moo ko wuutu, te
fukki at la jiite Israayil.
[12] Ba Elon Cabuloneen ba faatoo, ca
Ayalon lañu ko denc ca diiwaanu Sabulon.
[13] Abdon doomu Ilel, ma cosaanoo
Piraton moo ko wuutu, jiite Israayil.
[14] Amoon na ñeent fukki doom yu góor,
ak fanweeri sët yu góor, ñuy war juróom
ñaar fukki mbaam. Juróom ñetti at la jiite
Israayil.
[15] Ba Abdon doomu Ilel, ma cosaanoo
Piraton faatoo, ca Piraton lañu ko denc ca
réewum Efrayim ca diiwaanu tundi
Amalegeen ña.

# 13

## *Lu jëm ci juddub Samson*

[1] Ba loolu wéyee bànni Israayil dellu di
def li Aji Sax ji ñaawlu, Aji Sax ji teg leen ci
loxoy waa Filisti diiru ñeent fukki at.
[2] Jenn waay nag ju ñuy wax Manowa,
dëkk Cora te bokk ci giirug Dan, moom la
jabaram tële woona am doom te masul
woona jur.
[3] Ci kaw loolu malaakam Aji Sax ji feeñu
ko, ne ko: «Yaw de, dangaa tëlee am doom
te masuloo am doom, waaye dinga ëmb, te
dinga am doom ju góor.

4 Léegi nag fexeel ba bul naan biiñ mbaa
lenn luy màndil, te it bul lekk lenn lu
sobewu.
5 Ndax kat dinga ëmb, te dinga am doom
ju góor. Saatus watukaay du jaar ci
boppam, ndax xale bi ci butitu njurukaay
lay dale doon ab nasireen bu ñu sédd Yàlla,
te moom mooy njëkka xettali Israayil ci
waa Filisti.»
6 Ba loolu amee ndaw sa dem wax
jëkkëram, ne ko «Genn góoru Yàlla moo ma
dikkal. Melokaanam daal melokaanu
malaakam Yàlla mi la, raglu lool. Laajuma
ko fu mu bàyyikoo, te moom it waxu ma
turam.
7 Waaye da maa wax ne ma: "Yaw de,
dinga ëmb te dinga am doom ju góor. Léegi
nag bul naan biiñ mbaa lenn luy màndil, te
bul lekk lenn lu sobewu ndax xale bi ci
butitu njurukaay lay dale doon ab
nasireen bu ñu sédd Yàlla, ba keroog muy
dee."»
8 Ba mu ko defee Manowa ñaan Aji Sax
ji, ne ko: «Éy Boroom bi, góoru Yàlla gi nga
yebaloon, ngalla na délsi ba xamal nu nu
nuy def ak xale bi wara juddu.»
9 Yàlla nangul Manowa, malaakam Aji
Sax ji dikkaat ca ndaw sa, fekk mu toog ca
àll ba, te Manowa jëkkëram nekku fa.
10 Ndaw sa gaaw daw, yégali ko jëkkëram,
ne ko: «Góor ga dikkoon keroog de, moo
ma feeñooti!»
11 Manowa jóg, topp jabaram, ba agsi ca
góor ga. Mu ne ko: «Ndax yaay góor gi doon
wax ak ndaw sii?» Mu ne ko: «Man la.»
12 Manowa ne ko: «Léegi nag gannaaw
bu say kàddu sottee, ana lu àtteb yoon
dogalal xale bi, ak lu mu wara def?»
13 Malaakam Aji Sax ji ne ko: «Mboolem li
ma wax ndaw si, na ko def.
14 Mboolem lu jóge ci garabu reseñ,
bumu ko lekk. Muy biiñ ak lenn luy
màndil, bumu ko naan, te mboolem lu
sobewu it, bumu ko lekk. Loolu ma ko
sant lépp daal, na ko sàmm.»
15 Manowa ne malaakam Aji Sax ji:
«May nu boog nu téyeegum la, ba defaral la
ab tef.»
16 Malaakam Aji Sax ji ne ko: «Su ngeen
ma fi téyee it du tax ma lekk ci seenu ñam,
soo dee rendi-dóomal ñeel Aji Sax ji nag,
defal.» Booba Manowa xamul ne kooku
mooy malaakam Aji Sax ji.
17 Manowa ne malaakam Aji Sax ji: «Nan
nga tudd, wax nu ko, ndax kera bu say
kàddu sottee, nu man laa delloo njukkal.»
18 Mu ne ko: «Ana looy laaj ci sama tur te
sama tur xamuwul?»
19 Ba loolu amee Manowa tànn ab tef,
boole kook saraxu pepp biy ànd ak ab
rendi-dóomal. Ci kaw aw doj la ko rendil
Aji Sax ji Boroom kéemaan yi, Manowa ak
jabaram di gis.
20 Ba sawara wa tàkkee ca sarxalukaay
ba, asamaan la wuti, malaakam Aji Sax ja
nekk ca biir, di yéegaale, Manowa ak
jabaram di gis. Ñu dëpp seen jë fa suuf.
21 Ca la malaakam Aji Sax ji ne mes,
feeñootul Manowa ak jabaram. Mu daldi
xam ne kooku malaakam Aji Sax ji la
woon.
22 Manowa ne jabaram: «Nun de, dee
nanu wett ba noppi, ndax Yàlla lanu gis!»
23 Teewul jabaram ne ko: «Su nu Aji Sax
ji nammoona rey kay, du nu nangul ab
rendi-dóomal ak saraxu peppam, du nu
won mboolem mbir yii it, mbaa mu di nu
xamal lii jantub tey.»
24 Gannaaw ba loolu wéyee ndaw sa am
doom ju góor, tudde ko Samson. Xale bi
nag di màgg, Aji Sax ji barkeel ko.
25 Ba ko noowug Aji Sax ji tàmbalee
xabtal, ma nga woon ca Maxane Dan,
diggante Cora ak Estawol.

# 14

### *Samson jël na ab Filisteen jabar*

1 Samson moo demoon Timna, ba gis fa
senn ndawas waa Filisti.
2 Ba mu ñibbee, dafa wax baayam ak
ndeyam, ne leen: «Sennas ndaw laa gis ca
Timna. Ci janqi Filisti la bokk. Moom laa
bëgg ngeen jëlali ma ko jabar.»
3 Baay baak ndey ja ne ko: «Aw jigéen
dafa amul ci sa biir giir gi nga bokk ak ci
mboolem sunuw askan, ba yaw ngay jëli
jabar ca waa Filisti yooyu xaraful?»
Samson ne baayam: «Kooku laa bëgg
ngeen jëlali ma ko, ndax moom laa bëgg.»
4 Booba baay baak ndey ja xamuñu ne ci
Aji Sax ji la mbir moomu jóge, ngir pexe

mu Aji Sax ji dale ca kaw waa Filisti, ndax
booba waa Filisti ñoo yilifoon Israayil.
5 Ci kaw loolu Samson ànd ak baayam ak
ndeyam, jëm Timna. Ba mu dikkee ba
tollook tóokëri reseñi Timna, genn gaynde
gu mat moo jekki ŋar, wutsi ko.
6 Ci biir loolu leerug Yàlla dikk ne milib
ci kaw Samson, mu xar gaynde ga ñaar ni
ñuy xare ñaar ab tef, te yorul dara ciy
loxoom. Baayam ak ndeyam nag, waxu
leen la mu def.
7 Ba loolu weesoo Samson dem ca ndaw
sa, waxtaan ak moom. Ndaw sa nag ku ko
neex la woon.
8 Ba ñu ca tegee ay fan, Samson di dellu
Timna ngir jëli ndaw sa. Ca kaw yoon wa
la jàdde, ngir xooli gaynde gu dee ga.
Fekkul lu moy naaxu yamb ak lem ca biir
méddum gaynde ga.
9 Samson nag tibbe ay loxoom ca lem ja,
daldi topp yoonam, di lekk, ba dab baay
baak ndey ja. Mu may leen ca, ñoom it ñu
lekk, te waxu leen ne ca méddum gaynde
ga la tibbe lem ja.

### *Samson cax na Filisteen ña*

10 Ba mu ko defee baayu Samson àgg ba
ca kër ndaw sa. Ci biir loolu Samson
moom, def fa ag bernde, na ko ndaw ñuy
jël jabar baaxoo woon.
11 Ba ñu gisee Samson, fanweeri
moroomam lañu woo, ngir ñu wéttali ko.
12 Samson ne leen: «Ma cax leen nag. Su
ngeen ma waxee ba mu leer lu cax wi
doon, ba tekki ko ci juróom ñaari fani
bernde ji, maa leen di jox fanweeri séri lẽe
ak yeneen fanweeri mbubb.
13 Waaye su ngeen ma ko manula tekkil
nag yeena may jox fanweeri séri lẽe ak
fanweeri mbubb.» Ñu ne ko: «Waxal, nu
dégg.»
14 Mu ne leen: «Ci kiy lekke la ag lekk
génne, te boroom doole la lu neex génne.»
Am nañu ca ñetti fan, manuñoo tekki cax
wi.
15 Keroog ba mu amee ñeenti fan, ñu wax
jabaru Samson, ne ko: «Naxal sa jëkkër ji,
mu tekkil nu cax wi, lu ko moy dinanu la
taal yaak sa waa kër baay, lakk leen.
Xanaa woowuleen nu fi, ngir roñ nu nag?»
16 Jabaru Samson dem ca Samson, di
jooy ca kawam, ne ko: «Bëgguloo ma,
danga maa bañ doŋŋ; yaa cax samay bokk
aw cax te tekkiloo ma ko sax!» Samson ne
ko: «Xanaa sama ndey ak sama baay sax
tekkiluma leen ko, yaw, ma di la ko
tekkil?»
17 Ndaw sa nag ne ko dann rekk, di jooy
ca kawam, la des ca juróom ñaari fani
bernde ja yépp, ba keroog bésub juróom
ñaareel ba, mu mujj ko koo tekkil. Ba loolu
amee ndaw sa tekkil ay bokkam cax wi.
18 Keroog bésub juróom ñaareel ba, laata
jant bay so, xaley góori dëkk ba dem nañu
ca Samson, ne ko: «Ana lu gëna neex lem,
ak lu ëpp gaynde doole?» Mu ne leen: «Su
ngeen gàbbewuloon sama wëllu de,
dungeen tekki samaw cax.»
19 Ba mu ko defee leerug Aji Sax ji dikk
ne milib ci kaw Samson, mu dem Askalon,
rey fa fanweeri góor, nangu seen alal. Ci
kaw loolu mu jël seeni mbubb, jox ko ña
tekki cax wa. Mu mer nag ba fees, daldi
dellu kër baayam.
20 Ba loolu amee ñu jox jabaru Samson
kenn ca góor ña àndoon ak Samson ca céet
ga.

## 15

### *Samson feyu na*

1 Ba mu amee ay fan, ba ngóobum bele
taxaw, Samson dikk seetsi jabaram,
indaaleel ko ab gàtt. Mu ne: «Sama néeg
jabar laa jëm.» Baayu ndaw sa nag
bàyyiwu ko, mu dugg,
2 xanaa ne ko: «Man de jàppoon naa ba
jàpp ne bëggatoo daraam, moo tax ma may
ko sa moroom ma nga àndaloon ca céet ga:
waaye xanaa du rakkam a ko dàq? Jël ko,
mu wuutu magam.»
3 Samson ne leen: «Bii yoon nag dinaa
def waa Filisti lu bon, te deesu ma ci sikk
lenn.»
4 Samson dem, jàpp ñetti téeméeri (300)
till, faste seeni geen; diggante ñaari geen
yu nekk, mu takk ca ag jum.
5 Ci kaw loolu mu jafal jum ya ba noppi,
wacc till ya ca biir tooli beley waa Filisti.
Noonu la lakke naafi bele yaak gub ya ñu
góobaguloon, ba ca tóokëri reseñ yaak oliw
ya.
6 Ba waa Filisti laajee ku def loolu, ñu ne
leen: «Samson la, gorob waa Timna, ndax

jabaram ji mu jël, may ko moroomam.»
Waa Filisti nag dem, boole ndaw saak
baay ba taal, lakk leen.
7 Ci kaw loolu Samson ne leen: «Gannaaw
yeena ma def lii, duma noppi te
feyuwuma.»
8 Duma yu mettee metti la leen duma.
Ba loolu wéyee mu dem dëkki ci am xunt,
ca Etam.

## *Ŋaamu mbaam doy na Samson ngànnaay*

9 Ba mu ko defee waa Filisti dali ca
diiwaanu Yuda. Ci kaw loolu ñu làng-dér
ca kaw dëkk ba ñuy wax Lexi.
10 Waa Yuda ne leen: «Lu waral ngeen
songsi ñu?» Ñu ne leen: «Njoñ Samson
moo nu yékkati, ngir def ko ni mu nu def.»
11 La ca tegu ñetti junniy (3 000) góori
Yuda dem, ba ca xunt ma ca doju Etam.
Ñu wax Samson, ne ko: «Xanaa xamuloo ne
waa Filistee nu yilif; li nga nu def nii lu
mu doon?» Mu ne leen: «Ni ñu ma def
ñoom doŋŋ de laa leen def.»
12 Ñu ne ko: «Njoñ la de moo nu indi,
ngir teg la ci loxol waa Filisti.» Samson ne
leen «Giñalleen ma ne du yeenay dal ci
sama kaw.»
13 Ñu ne ko: «Déedéet, njoñ la doŋŋ lanuy
def, ngir teg la ci seen loxo, waaye rey la
moom, dunu ko def.» Ñu daldi koy yeewe
ñaari buum yu bees, génne ko xunt ma.
14 Naka la Samson jubsi Lexi, waa Filisti
buurandook seeni yuux, wutsi ko, leerug
Aji Sax ji ne milib ci kawam, buum ya
yeewe woon ca loxo ya ne tipp ni wëttéen
wu ñu jafal, wadde ca loxo ya.
15 Samson nag gis fa ŋaamu mbaam mu
yàggula dee. Mu ne yóot loxo ba, ne ko cas,
duma ca junniy góor.
16 Ca la Samson ne:
«Wenn ŋaamu mbaam, ñu doon jali jal,
wenn ŋaamu mbaam laa dumaa junniy
góor.»
17 Naka la Samson daane kàddoom, ne
ŋaamu mbaam wa mu yoroon xërr. Ci kaw
loolu mu tudde béreb ba Ramat Lexi (muy
firi tundu Ŋaam).
18 Gannaaw loolu mar mu tar dikkal ko,
mu woo Aji Sax ji wall, ne ko: «Yaw de yaa
teg ci sa loxol jaam lii ndam lu réy, waaye
xanaa duma dee ndax mar, ba tàbbi ci
loxol yéefar yii?»
19 Ba loolu amee Yàlla bënn doj wu xóot wa
ca Lexi, ndox ma xelli, Samson naan, ag
noowam délsi, mu leqaliku. Looloo tax ñu
tudde bëtu ndox ba En Akore (muy firi
Bëtu ndoxub ka woote wall). Ma nga foofa
ca Lexi ba tey jii.
20 Ñaar fukki at la Samson jiite Israayil,
jant ya waa Filisti moomee réew ma.

# 16

## *Samson buddi na bunti Gasa*

1 Samson moo demoon Gasa, gis fa ab
gànc, daldi tëdd ak moom.
2 Ba ñu àggee waa Gasa ne leen Samson a
nga fa, waa Gasa dañoo daje, guddig lëmm
ñu di ko tëru ca buntu dëkk ba. Guddi ga
gépp, ñu ne cell, te naa ca seen biir: «Bu bët
di set, nu di ko réy.»
3 Samson nag tëdd ba guddi ga xaaj. Ba
guddi ga xaajee mu jóg, jàpp ca lafi buntu
dëkk ba, boole ca ñaari jën yaak bantu
tëjukaay ba, buddi lépp, teg ca mbagg ma,
yóbbu ba ca kaw tund wa janook Ebron.

## *Jigéen worati na Samson*

4 Gannaaw ba loolu wéyee Samson di
bëgg sennas ndaw su dëkkoon ca xuru
Soreg, ñu di ko wax Dalila.
5 Kàngami waa Filisti ya nag dem ca
ndaw sa, ne ko: «Naxal nu Samson, ba xam
nu mu ame jii doole ju réy, ak nan lanu ko
mana ëppe doole, yeew ko, ba néewal ko
doole. Noo lay jox, kenn ku nekk junniy
siikali xaalis ak téeméer.»
6 Ci kaw loolu Dalila ne Samson: «Dëgg
waay wax ma noo ame jii doole ju réy, ak
nees di def ba yeew la, ba néewal la doole.»
7 Samson ne ko: «Su ñu ma yeewee
juróom ñaari buumi xala yu yees te
wowagul, ma daldi néew doole, di nitu
neen.»
8 Gannaaw loolu kàngami waa Filisti
indil ndaw sa juróom ñaari buumi xala yu
yees te wowagul, mu yeewe ko Samson.
9 Fekk na ay nit a nga làqu ca biir néeg
ndaw sa, di ko tëru. Ndaw sa jekki ne ko:
«Samson jógal, waa Filistee ngi ci sa kaw.»
Samson ne buum ya tipp, mu dog ni aw

caas wu sawara laal. Dooley Samson nag
di kumpa ba tey.
10 Dalila wax Samson ne ko: «Gis nga ni
nga ma dofloo, di ma wax ay caaxaan.
Léegi nag, wax ma yaw itam, nees di def
ba yeew la!»
11 Mu ne ko: «Su ñu ma yeewee ŋodd ay
buum yu yees yu ñu masula jariñoo rekk,
ma daldi néew doole, di nitu neen.»
12 Dalila wut ay buum yu yees, takke ko
ko. Fekk na ay nit làqu ca biir néeg ba, di
ko tëru. Mu jekki, ne ko: «Samson, jógal waa
Filistee ngi ci sa kaw.» Samson ne buum
ya tipp nig wëñ, mu wadde cay loxoom.
13 Ba loolu wéyee Dalila ne Samson: «Ba
tey yaa ngi may dofloo, di ma waxi
caaxaan. Wax ma waay, nees di def ba
yeew la.» Mu ne ko: «Soo rawee sama
juróom ñaari létt ci càllalal jumtukaay bi
ñuy ràbbe, te boole létt yi, kepp ca, damay
daldi néew doole, di nitu neen.»
14 Ba mu ko defee, ndaw sa yeetal
Samson, raw juróom ñaari léttam ya ci
càllalal jumtukaay bu ñuy ràbbe, daldi
boole létt ya kepp ca. Ci kaw loolu mu ne
«Samson jógal, waa Filistee ngi ci sa kaw.»
Samson yewwu, daldi buddi keppug
jumtukaay ba ñuy ràbbe ak càllala ga.
15 Dalila ne Samson: «Noo mana waxe
ne bëgg nga ma, te wóoluwoo ma? Ñetti
yoon a ngii nga di ma dofloo, bañ maa
xamal fu sa doole ju bare jii jóge!»
16 Bés bu nekk nag ndaw sa di ko soññ,
lëjal ko witt. Mu sonn bay bëgga dee.
17 Samson mujj ko wax biiram yépp, ne
ko: «Saatu masula jaar ci sama bopp, ndax
ca sama biiru ndey laa dale di ab nasireen
bu séddoo Yàlla. Su ñu ma watee, sama
doole tàggook man, ma daldi néew doole,
di nitu neen.»
18 Dalila xam ne Samson wax na ko
biiram yépp, mu yónnee, woolu kàngami
waa Filisti, ne leen: «Dikkleen ndax bii
yoon, wax na ma biiram yépp.» Kàngami
waa Filisti délsi, indaale xaalis bi.
19 Ci kaw loolu mu yeetal Samson cay
tànkam, ba mu nelaw, mu woo jenn waay,
kooka xuuf juróom ñaari létt ya. Noonu la
ndaw sa néewale Samson doole, ba
dooleem tàggook moom.
20 Ba loolu amee mu ne: «Samson jógal,
waa Filistee ngi ci sa kaw.» Samson
yewwu, te naan ca xel ma: «Dama ciy
génnati na woon démb ak bërki-démb rekk,
yëlbu, rëcc.» Waaye booba xamul ne Aji
Sax ji moo teqalikoo ak moom.
21 Ba mu ko defee waa Filisti jàpp
Samson, luqi bët ya, yóbbu ko Gasa. Ci kaw
loolu ñu yeewe ko càllalay xànjar, muy
béraŋ doju wolukaay ca kaso ba.
22 Teewul njañam la ñu xuufoon di
saxaat.

## *Samson mujje na jaloore*

23 Ci biir loolu kàngami waa Filisti ya
daje, di njukkale Dagon seen tuur ma,
sarax su mag, ngir mbégte. Ña nga naan:
«Sunu yàlla moo teg sunub noon Samson ci
sunu loxo.»
24 Baadoolo ya it gis Samson, di ko sante
seen tuur ma, naan: «Sunu yàlla moo teg ci
sunu loxo sunu noon bi gental sunum
réew, rey ci nun jópp!»
25 Seen bànneex nag jay leen, ñu ne:
«Wooleen Samson, mu bégal nu!» Ñu woo
Samson, mu génne ca kaso ba, dikk, di leen
bégal. Ca diggante kenu ya yenu taaxum
kaw ma lañu ko taxawal.
26 Samson ne xalelu góor ba jàpp ca
loxoom: «May ma, ma daj kenu yi yenu kër
gi, ndax ma wéeru ci.»
27 Fekk na kër tuur ma fees dell aki góor
aki jigéen. Fa la mboolem kàngami Filisti
nekkoon; taax ma yenu lu wara tollook
ñetti junniy (3 000) nit, góor ak jigéen, ñuy
seetaan Samson, mu di leen bégal.
28 Ci kaw loolu Samson ñaan Aji Sax ji,
ne ko: «Éy Boroom bi Aji Sax ji, ngalla
bàyyi ma xel; ngalla Yàlla, dooleelaat ma
bii yoon rekk, ndax ma feyu ci waa Filisti
sama ñaari bët yi ñu luqi.»
29 Ba mu ko defee Samson jàpp ca ñaari
kenuy digg ya yenu kër ga, daldi cay
wéeru, loxol ndijoor ba tege ca genn kenu
ga, càmmoñ ba tege ca ga ca des.
30 Samson nag ne: «Naa dee, ànd ak waa
Filisti.» Naka la jañe doole, kër ga màbb ca
kaw kàngam yaak mboolem baadoolo ya
nekkoon ca biir. Noonu la Samson deewe,
reyaale nit ñu ëpp ña mu reyoon ba muy
dund.

31 Ba loolu amee ay bokkam, waa kër
baayam gépp dikk, yóbbu ko. Ñu dem, denc
ko diggante Cora ak Estawol, ca xuntum
bàmmeelu Manowa baayam. Samson nag,
ñaar fukki at la jiite Israayil.

# 17

## *Lu jëm ci Mika ak jaamookaayu Yàllaam*

1 Jenn waay la woon ju bawoo diiwaanu
tundi Efrayim, ñu di ko wax Mika.
2 Waa ja moo wax ndeyam, ne ko:
«Junniy siikali xaalis ak téeméer (1 100) ya
ñu la jëlaloon, ba ngay ñaan-yàlla ka ko jël,
may dégg, mu ngi nii ak man, maa ko
jëloon.» Ndey ja ne ko: «Yal na la barke
ñeel, bawoo ci Aji Sax ji, doom.»
3 Mika delloo yaay ja junniy siikali
xaalis yaak téeméer, yaay ja ne ko: «Xaalis
bi de Aji Sax ji laa dogu ne moom laa ko
jagleel, mu jóge ci sama loxo, ñeel la,
doom, ngir ñu defaral la ci jëmmu tuur mu
ñu yatt ak jëmmu tuur mu ñu móol. Kon
nag dama la koy delloo.»
4 Teewul Mika delloowaat yaayam
xaalis ba, yaayam jël ca ñaari téeméeri
siikal, jox ko ab tëggu xaalis, mu defal ko
ca jëmmu tuur mu ñu yatt ak jëmmu tuur
mu ñu móol, ñu dugal tuur ya ca biir kër
Mika.
5 Fekk na Mika nag amoon bérebu
jaamookaayu Yàlla ca biir këram, ba
defarlu mbubbam xar-sànni mu sarxalkat
di sol ak ay gàllaaji kër. Fekk na it mu tabb
kenn ci doomam yu góor, muy ab
sarxalkatam.
6 Jant yooyu nag buur amuloon ca
Israayil. Lu neex waay rekk, def.
7 Dafa am ab xalelu góor bu dal
Betleyem ca giiru Yuda, te askanoo ci
Leween ña.
8 Ca dëkku Betleyem gu Yuda la waa ja
bàyyikoo, di seeti fu mu mana sanci. Mu
topp yoonam ba agsi diiwaanu tundu
Efrayim, ca kër Mika.
9 Mika ne ko: «Mbokki fan?» Mu ne ko:
«Man ab Leween laa; Betleyem ca Yuda laa
bàyyikoo, di seet fu ma mana sance.»
10 Mika ne ko: «Toogal fi man boog, féete
ma wàllu kilifa, ni baay, di sama sarxalkat.
Man nag dinaa la jox fukki siikali xaalis at
mu nekk, te bokkewul ak sag col ak sa
lekk.» Leween ba nag toog fa.
11 Noonu la xalelu góoru Leween ba
nangoo, ba toog ca kër waa ja, mu jàppe ko
ni doomam yu góor yi mu jur.
12 Ba mu ko defee Mika tabb xalelu
góoru Leween ba, mu doon ab
sarxalkatam, dëkk ca biir këram.
13 Ci kaw loolu Mika ne: «Léegi nag xam
naa ne Aji Sax ji dina ma baaxe, gannaaw
ab Leween a ma dikkal, di sama
sarxalkat.»

# 18

## *Daneen ña wuti nañu am réew*

1 Jant yooyu buur amuloon ci Israayil, te
jant yooyu it la giirug Daneen ña doon wut
céru suuf bu ñu dëkke, ndax ba booba, du
benn céru suuf bu ñu muurloo ci biir giiri
Israayil yi ñu bokk.
2 Daneen ña nag yónni juróomi nit, ne
leen: «Demleen wër réew mi.» Ñooña di
jàmbaari xarekat yu ñu tànne ci seen biir,
ñu wara bàyyikoo Cora ak Estawol, ngir
yëri réew ma, wër ko. Ba ñu demee ba àgg
ca diiwaanu tundi Efrayim ca kër Mika, fa
lañu fanaan.
3 Ca wetu Mika lañu dégge baatu xaleb
Leween bu góor ba, ba xam fu mu bokk.
Ca lañu jàdde, ne ko: «Yaw, ku la indi fii, ak
loo fiy def, ak loo fi am?»
4 Mu ne leen: «Nàngam ak nàngam la ma
Mika defal. Moo ma bind ngir ma doon ab
sarxalkatam.»
5 Ñu ne ko: «Ngalla boog seetal nu ci Yàlla,
ba nu xam sunu yoon wii nu jëm, ndax
dina àntu.»
6 Sarxalkat ba ne leen: «Demleen ak xel
mu dal. Seen yoon wi ngeen jëm, yiwu Aji
Sax ji la jublu.»
7 Juróomi ndaw ya bàyyikoo fa dem ba
Layis. Ñu gis askan wa fa dëkke ne finaax
ni waa Sidon, ànd akug dal ak teeyug
bakkan. Rax ci dolli du kenn ca réew ma
ku leen sonal, mbaa mu néewal leen doole.
Te it sore woon nañook waa Sidon, te
séquñu woon ak kenn dara.
8 Ba ñu delloo Cora ak Estawol, ca seeni
bokk, seeni bokk laaj leen, ne leen: «Lu
ngeen wax nag?»
9 Ñu ne leen: «Aycaleen nu dali ca seen
kaw! Noo gis réew ma. Xanaa baax lool!

Buleen tendeefal, buleen tàyyi. Demleen
songi réew ma, nanguji ko!
10 Bu ngeen fa àggee nit ñu ne finaax
ngeen fay fekk, te réew maa nga ne
yàmblaŋ wet gu nekk. Yàllaa ko teg ci seen
loxo, muy gox bu ñàkkul lenn luy am ci
kaw suuf.»
11 Ba mu ko defee juróom benni téeméeri
(600) góor ñu bokk ci giirug Dan sàqee
foofa, ràngooy ngànnaay. Cora ak Estawol
lañu bàyyikoo.
12 Ñu dem ba dal ca wetu Kiryaat Yarim,
ca Yuda. Looloo waral ñu woowe béreb
boobu Maxane Dan (muy firi Dalub Dan),
te mooy turam ba tey jii. Ma nga noonee,
ca sowu Kiryaat Yarim.
13 Ba ñu fa jógee lañu jàll diiwaanu tundi
Efrayim, ba jub kër Mika.
14 Ci kaw loolu juróomi ndaw ya yëri
woon diiwaanu Layis wax seen bokk ya,
ne leen: «Ndax xam ngeen ne ci kër yii,
genn a ngeek am xar-sànnim carxal ak
tuur mu ñu yatt ak ay gàllaaji kër ak itam
tuur mu ñu móol? Léegi nag yeenay seet lu
ci war.»
15 Ba loolu amee, ñu jàdd, ba ca kër
Leween ba, kër Mika. Ñu jàmmanteek
moom.
16 Fekk na juróom benni téeméeri
Daneen ñaa nga ràngooy ngànnaay, taxaw
ca buntu dëkk ba.
17 Juróomi ndaw ya yëri woon réew ma,
dugg ca biir, daldi jël tuurum yatt maak
xar-sànni maak gàllaaji kër yaak tuur ma
ñu móol. Fekk na sarxalkat baa nga taxaw
ca buntu dëkk ba, mook juróom benni
téeméeri nit ña ràngooy ngànnaay.
18 Ba ñooña duggee kër Mika, ba jël jëmmi
tuur ya ñu yatt ak xar-sànni maak gàllaaji
kër yaak tuur ma ñu móol, sarxalkat ba
moo ne leen: «Lu ngeen di def nii?»
19 Ñu ne ko: «Neel cell, ne patt! Toppal ci
nun rekk, féete nu céru kilifa, di sunu
sarxalkatu giir. Lu la gënal? Di sarxalkatu
kër kenn nit doŋŋ, am di sarxalkatu genn
giirug lëmm ci Israayil?»
20 Wax jooju nag neex sarxalkat ba, mu
jël xar-sànni maak gàllaaji kër yaak tuur
ma ñu yatt, daldi ànd ak gàngoor ga, dem.
21 Ba loolu amee ñu teguwaat ca yoon
wa, jiital seeni doom ak seeni jur ak seen
alal.
22 Ba Daneen ña demee ba soreek kër
Mika, ca la dëkkandooy Mika ya mu
dendeel wootante, ba daje ànd ak Mika,
ngir dabi leen.
23 Ci kaw loolu ñu joor Daneen ña, ñooñu
geesu, ne Mika: «Loo xewle, ba bàbbi mii
mbooloo?»
24 Mika ne leen: «Sama jëmmi tuur yi ma
sàkk, ngeen jël, booleek sarxalkat bi, dem!
Lu ma deseeti nag? Ana lu ngeen ma naa
loo xewle?»
25 Daneen ña ne ko: «Bu sa kàddu jib, nuy
dégg, lu ko moy gaa yu tàng bopp ñooy dal
ci sa kaw, ngeen ñàkk seen bakkan, yaak
sa waa kër.»
26 Ba loolu amee Daneen ña dem seen
yoon. Mika nag gis ne ñoo ko ëpp doole,
mu walbatiku, ñibbi këram.
27 Noonu la Daneen ña nangoo la Mika
defaroon, yóbbaale ab sarxalkatam. Ci kaw
loolu ñu jàll ba Layis, dal ca kaw askan
woowa ànd akug dal ak teeyug bakkan.
Ñawkay saamar lañu leen leel, dëkk ba, ñu
lakk ko.
28 Du kenn ku leen xettali, ndax dëkk ba
sorewoo naak Sidon, te séquñu woon ak
kenn dara. Dëkk baa nga woon ca xur wa
dendeek Bet Rexob. Ba mu ko defee
Daneen ña tabaxaat dëkk ba, dëkke.
29 Ñoo tudde dëkk ba Dan, dippee ko
seen maam góor Dan, doomu Israayil,
waaye Layis la dëkk ba njëkkoona tudd.
30 Ci kaw loolu Daneen ña sampal seen
bopp jëmmu tuur ma ñu yatt, Yonatan
sëtub Gersom doomu Musaa nag, mook
aw askanam ñoo doon sarxalkati Daneen
ña, ba kera bés ba ñu yóbboo waa réew ma
ngàllo.
31 Jëmmu tuur ma ñu yatt, te Mika
sàkkoon ko, moom la Daneen ña
sampaloon seen bopp, di ko jaamu,
mboolem jant ya kërug jaamookaayu Yàlla
ga nekkee ca Silo.

# 19

*Waa Gibeya def nañu njombe*
1 Jant yooyu buur amuloon fa Israayil.
Ab Leween moo daloon ca diiwaanu tundi
Efrayim ca biir-a-biir. Ci kaw loolu mu jël
as ndawas waa Betleyem ca Yuda, muy ab
nekkaaleem.

2 Gannaaw gi, nekkaale ba merook
moom, ba fay, dem kër baayam ca
Betleyem ca Yuda. Mu toog fay fan ba am
fa ñeenti weer.
3 Jëkkër ja daldi dem, neexale ko ay baat
ngir fayli ko. Mu ànd akub surgaam bu
góor, yóbbaale ñaari mbaam, ba dikk. Ci
kaw loolu ndaw sa dugal ko kër baayam.
Ba ko baay ba gisee, xol bu sedd la ko
dalale.
4 Goro ba, baayu ndaw sa nag, téye ko fa.
Toog na ñetti fan fa moom, ñuy lekk, di
naan aka fanaan.
5 Keroog bésub ñeenteel ba ñu teela jóg,
waa ja di waaja dem, goro ba ne ko:
«Toogal ba xéewloo dogu mburu kay, ba
noppi, ngeen doora dem.»
6 Ñoom ñaar ñu bokk toog, lekk, naan.
Gannaaw loolu baayu ndaw sa ne waa ja:
«Fanaanaatal waay, te féexal sa xol.»
7 Waa ja fabu, nara dem, goro ba soññ
ko, ba mu fanaanaat fa.
8 Bët set, di juróomeelu bés ba, waa ja
teela xëy, nara dem, baayu ndaw sa ne ko:
«Xéewlul te nég tuuti boog, ba jant bi lang.»
Mu toog, ñu bokkati lekk, ñoom ñaar.
9 Ba waa ja fabootee, mook nekkaaleem
ak surgaam, nara dem, goro ba, baayu
ndaw sa neeti ko: «Jant a ngii di so, ba muy
bëgga guddi. Fanaanleen rekk, marax
maase na. Fanaanal te féexal sa xol, su
ëllëgee ngeen teela xëy, waajal seenu yoon,
ba ñibbi sa kër.»
10 Boobu yoon nag waa ja bëggula
fanaanaat. Daa fabu dem, ba àgg fa
janook Yebus, te mooy Yerusalem rekk.
Ma nga ànd ak nekkaaleem ba, ak ñaari
mbaamam ak seeni teg.
11 Ba ñuy jub Yebus, jant bi wàcc na lool.
Surga ba nag ne ko: «Tee noo dal ci dëkkub
Yebuseen ñii, fanaan fi?»
12 Sangam ne ko: «Déedéet; dunu dale
dëkkub jàmbur ñu bokkul ci bànni Israayil.
Nan jàll ba Gibeya.»
13 Mu teg ca ne ko: «Nan jegeji Gibeya
mbaa Raama rekk; fu nu ci jot, fanaan fa.»
14 Ñu jàll wéy, ba jant sowe leen ca wetu
dëkku Gibeya gu bokk ci diiwaanu
Beñamin.
15 Ci kaw loolu ñu kuuje fa duggsi
Gibeya, ngir fanaan. Ba mu agsee, ca
péncum dëkk ba la dem toog, waaye kenn
dalalu leen ci kër gu ñu fanaan.
16 Ci biir loolu rekk genn góor gu mag
jekki dikk, ngoonug suuf, doora wàcce ca
tool ya. Góor ga nag ca diiwaanu tundi
Efrayim la bokk, waaye gan la woon ca
Gibeya, te waa gox ba di ay Beñamineen.
17 Góor ga dawal bëtam, gis nit ku nekk
ciw yoon ca pénc ma. Góor gu mag ga ne
ko: «Foo jëm ak foo jóge?»
18 Mu ne ko: «Betleyem gu Yuda lanu jóge
jaare fi, jëm fa ma bokk man, ca biir-a-biir
diiwaanu tundi Efrayim. Betleyem gu
Yuda laa demoon, jëm nag léegi ca kër Aji
Sax ji*. Waaye kenn dalalu ma ci genn kër.
19 Moona sang bi, nun am nanu ñax
akum ngooñ ngir sunuy mbaam, ak
mburu ak biiñ, ngir maak ndaw si ak
ngóor si. Ñàkkunu dara.»
20 Góor gu mag ga ne leen: «Dalleen jàmm,
mboolem lu ngeen soxla, tegoo naa ko,
waaye pénc mi moom, buleen fi fanaan
mukk.»
21 Ci kaw loolu mu yóbbu leen këram,
xont mbaam ya, ñu jàngu, doora lekk,
naan.
22 Naka lañuy xéewlu, ay góori dëkk ba,
ñu tekkiwul dara jekki dikk, yéew kër ga,
di fëgg bunt baak doole, naan góor gu mag
ga, boroom kër ga: «Génneel waa ji dal sa
kër, nu tëdde ko.»
23 Boroom kër ga génn, ne leen: «Ngalla
waay déet, bokk yi, buleen def lu ñaaw, te
waa jii ñëw sama kër; buleen def jooju jëf
ju sew!
24 Sama doom a ngii dib janq, ak
nekkaaleb waa ji itam. Naa leen leen
génneel. Néewalleen leen doole, def leen lu
leen neex, waaye waa jii, buleen ko def
jooju jëf ju sew!»
25 Teewul waa dëkk ba bañ koo déglu, ba
gan ga mujj jàpp nekkaaleem ba, génneel
leen ko. Ñu tëdde ko, saay-saaye ko guddi
ga gépp, ba ca suba. Ba bët di set lañu ko
doora bàyyi.
26 Bët di set, ndaw sa dikk ba daanu,
tëdd ba jant fenk, ca bunt néeg góor ga, fa

* **19.18** ***kër Aji Sax ji:*** xaymab ndaje mi mu ngi woon dëkku Silo ca jamono jooja.

sangam ba nekk.
27 Ba sangam ba jógee ca suba, ubbi bunt
néeg ba, ba génn ngir dellu caw yoonam,
yemul lu moy ca ndaw sa, nekkaaleem ba,
fa mu tëdd ca bunt néeg ba, loxo ya tege ca
dëxu bunt ba.
28 Mu ne ko: «Jógal, nu dem.» Tont jibul.
Waa ja teg ko ca kaw mbaam ma, daldi
jubal këram.
29 Ba waa ja agsee ba dugg këram, paaka
la jël, jàpp néewub nekkaaleem ba, dogat
ko fukki cér ak ñaar, yónnee ko réewum
Israayil gépp.
30 Ba loolu amee mboolem ña ko gis ñoo
ne: «Du lenn lu ni mel lu masa am, mbaa
lees masa gis, ba bànni Israayil génnee
réewum Misra, ba tey jii. Bàyyileen ci xel,
diisooleen te wax ci.»

# 20

### *Bànni Israayil xare nañook Beñamin*

1 Ba mu ko defee bànni Israayil gépp jóg,
mbooloo ma daje di benn bopp, dale ko ca
diiwaanu Dan ca bëj-gànnaar, ba ca
diiwaanu Beerseba ca bëj-saalum, boole ca
réewum Galàdd. Ca Mispa lañu daje, fa
kanam Aji Sax ji.
2 Njiiti askan wépp a teew, mboolem
giiri bànni Israayil ca ndajem ñoñu Yàlla,
ñuy ñeenti téeméeri junniy góor (400 000) ñu
taxaw gànnaayoo saamar.
3 Beñamineen ñi nag yég ne bànni Israayil
daje nañu ca Mispa. Ci biir loolu bànni
Israayil daje, di leerlu nu googu ñaawtéef
ame.
4 Leween ba doon nekkaaleek ndaw sa
ñu rey, ne leen: «Gibeya gu Beñamineen ñi
laa jaare woon man, ànd ak samab
nekkaale, ngir fanaan fa.
5 Waa Gibeya jógal ma, dikk yéew kër ga
ca guddi. Man lañu naroona rey, waaye
sama nekkaale lañu néewal doole, ba mu
dee.
6 Ci kaw loolu ma jël samab nekkaale,
dogat ko ay cér, yónnee ko mboolem réew
mi Israayil jagoo, ndax jëfi caay-caay ju
sew ji am ci Israayil.
7 Léegi nag, yeen Israayil gépp,
diisooleen te wax tey fi tey luy pexe ci
mbir mi.»
8 Ba loolu amee la askan wépp jóg, di
benn bopp. Ñu ne: «Du kenn kuy dellu ca
xaymaam; du kenn kuy dellu këram kay!
9 Li nuy def ak waa Gibeya daal mooy
lii: Danuy tegoo bant.
10 Noonu lanuy tippe ci mboolem giiri
bànni Israayil, fukk ci téeméeri góor ñu
nekk; téeméer ci junniy góor ñu nekk;
junni ci fukki junniy góor ñu nekk.» Nu
sant ñooñu nag ñu wutal gàngoor gi ab
dund, ngir ñu dem ba jëflante ni mu ware
ak Gibeya gu Beñamineen ña, ci mboolem
jëf ju sew ji ñu def ci Israayil.
11 Noonu la mboolem góori Israayil
dajee, jógal dëkk ba, mànkoo, di benn bopp.
12 Ba loolu amee giiri Israayil yónni ay
ndaw ca mboolem giiri Beñamin. Ñu ne
leen: «Ana nu jii jëf ju ñaaw mana ame ci
seen biir?
13 Léegi daal, dangeen nuy jox waa
Gibeya ñu tekkiwul dara ñooñu, nu rey
leen, ba raxas ñaawtéef ji ñu def ci
Israayil.» Teewul Beñamineen ña baña
déglu seen kàddug bokki bànni Israayil.
14 Ca seeni dëkk la Beñamineen ña jóge,
dajeji ca Gibeya, ngir xareek bànni
Israayil.
15 Bésub keroog ñaar fukk ak juróom
benni junni (26 000) nit ñu gànnaayoo
saamar la Beñamineen ña dajalee ca dëkk
ya, te bokkewul ak waa Gibeya ya daje, di
juróom ñaari téeméeri (700) ñeyi xare.
16 Gàngoor googu gépp nag, juróom ñaari
téeméeri (700) dànna yu càmmoñee nga ca
woon, ku nekk ci ñooñu ñépp mana mbaq
doj wu dal genn kawar te du moy.
17 Bànni Israayil ga bokkul ca Beñamin
itam daje di ñeenti téeméeri junniy
(400 000) góor ñu gànnaayoo saamar, ñoom
ñépp di ñu miin xare.
18 Ba mu ko defee bànni Israayil dem
Betel, seeti ci Yàlla. Ñu ne: «Ana ñan ñoo
wara njëkka songi Beñamineen ñi xare?»
Aji Sax ji ne leen, Yudeen ñi ñooy njëkka
songi.
19 Ca ëllëg sa bànni Israayil xëy dali fa
janook Gibeya.
20 Ci kaw loolu bànni Israayil sàqi ngir
xarejeek Beñamineen ña. Fa janook Gibeya
la leen waa Israayil làng-déral ngir xare.

21 Bésub keroog Beñamineen ña sàqee
Gibeya, ñaar fukki junneek ñaar (22 000) ci
niti Israayil lañu fàdd ca toolu xare ba.
22 Terewul bànni Israayil dëgërlu, dellu
déraat, fa ñu njëkkoona làng-dér bés bu
njëkk ba.
23 Fekk na bànni Israayil yendoo jooyi ba
ngoon fa kanam Aji Sax ji. Ca lañu laaj Aji
Sax ji, ne ko: «Ndax nu dajejiwaat ak sunu
bokki Beñamineen ñi?» Aji Sax ji ne leen:
«Dalleen ci seen kaw.»
24 Ba bànni Israayil dikkee ba jub
Beñamineen ña, keroog bésub ñaareel ba,
25 Beñamineen ña it sàqee Gibeya ca bésub
ñaareel booba, dajeek ñoom. Ñu dellu faat
fukki junneek juróom ñett (18 000) ci niti
bànni Israayil ñu gànnaayoo saamar ñoom
ñépp.
26 Ba loolu amee niti Israayil ñépp dem,
ñook mboolem askan wa, ba àgg Betel. Ñu
toog fa di jooy fa kanam Aji Sax ji. Bésub
keroog koor lañu yendoo ba ngoon. Ñu
boole ci def ay saraxi rendi-dóomal, ak
saraxi cant ci biir jàmm, ñeel Aji Sax ji.
27 Ñu seet nag ci Aji Sax ji, ndax jant
yooyu fa la gaalu kóllëreg Yàlla ga nekkoon.
28 Jant yooyu Fineyas doomu Elasar
doomu Aaróona moo daan taxaw janook
gaal ga. Ñu ne: «Ndax danuy dellooti
xarejeek sunu bokki Beñamineen ñi? Am
nu ba?» Aji Sax ji ne leen: «Demleen, ndax
ëllëg maa leen di teg ci seen loxo.»
29 Ci kaw loolu Israayil teg am tëru mu
yéew Gibeya.
30 Keroog bésub ñetteel ba nag bànni
Israayil dali ca kaw Beñamineen ña. Fa
janook Gibeya lañu làng-dér, janook ñoom,
na woon.
31 Ba loolu amee Beñamineen ña sàqi
dajejeek bànni Israayil, ba génn dëkk ba, te
fekk dees leena ootal. Ñu tàmbalee rey
gàngoorug Israayil, na woon, ba lu wara
tollook fanweeri góor daanu ca àll ba ak ca
ngér ya menn ma jëm Betel, te ma ca des
jëm Gibeya.
32 Beñamineen ñaa nga naa: «Ñoom de
ñoo daanooti fi sunu kanam na woon
rekk!» Bànni Israayil ñoom naa: «Nan daw
rekk, ootal leen, ñu génn dëkk bi, ba ca
ngér ya.»
33 Ba waa Israayil yépp fëxee fa ñu
nekkoon, ca Baal Tamar lañu làng-déri. Ci
biir loolu la tërum bànni Israayil riire fa ñu
làqu woon, ca Maare Gibeya.
34 Noonu la fukki junniy (10 000) ñeyi
xare yu bawoo ci Israayil gépp dajee fa
janook Gibeya. Xare ba nag metti lool,
waaye Beñamineen ña fooguñu woon
njekkar la leen di yoot.
35 Aji Sax ji moo daan Beñamineen ña fa
kanam Israayil keroog, ñu faat ca ñoom
ñaar fukki junniy góor ak juróom, ak
téeméer (25 100), ñu gànnaayoo saamar
ñoom ñépp.
36 Beñamineen ña nag gis ne manees na
leen. Fekk na bànni Israayil yoxal
Beñamineen ña, ndax yaakaar ju ñu am ca
tëru ma ñu tegoon fa wër Gibeya.
37 Tëru maa jekki ne jàyy ca kaw Gibeya.
Ci kaw loolu tëru ma xuus ca seen biir, jam
waa dëkk bépp, leel leen ñawkay saamar.
38 Ci ab tegtal nag la waa Israayil yégoo
woon ak seen tëru ma, te muy saxaar su
réy su ñuy jollile ca dëkk ba.
39 Moo tax waa Israayil dawe ca xare ba,
Beñamineen ña tàmbali leena jam, ba rey ca
ñoom lu tollook fanweer, te naan: «Ñoom
de ñooy dellu daanu ba daanu rekk na
woon ca xare ba jiitu.»
40 Waaye ba saxaar su mag sa tàmbalee,
jollee ca dëkk ba, def jal bu gudd,
Beñamineen ña dañoo geesu, gisuñu lu moy
dëkk bépp def saxaar su jolli, jëm asamaan.
41 Ca la bànni Israayil walbatiku dal ca
kaw Beñamineen ña, seenu fit nag rëcc,
ndax ca lañu gis ne njekkar dab na leen.
42 Ba mu ko defee ñu won bànni Israayil
gannaaw, wuti màndiŋ ma, te teewul xare
ba dab leen. Waa Israayil ya génne ca gox
ya ñoo leen fàdd, fekk leen ñu tancu ci seen
digg.
43 Bànni Israayil nag yéew Beñamineen
ña, ërtal leena ërtal, ba rajaxe leen ñoom
ñépp ba ca penkub Gibeya.
44 Fukki junneek juróom ñett (18 000) ñoo
daanu ca Beñamineen ña, ñoom ñépp di ñeyi
xare.
45 Ña ca rëcce walbatiku daw, jëm
màndiŋ ma, jubal doju Rimon, bànni
Israayil topp leen, ba fàllasati juróomi

junni (5 000) ca kaw ngér ya. Ci kaw loolu
waa Israayil dellooti ne Beñamineen ña
dann ba Gidom, ba bóom ca ñoom ñaari
junni (2 000).
46 Bésub keroog mboolem Beñamineen ña
daanu ñaar fukki junneek juróom (25 000)
lañu, ñépp gànnaayoo saamar, te di ñeyi
xare.
47 Juróom benni téeméer (600) ñoo ca
dawe, jëm màndiŋ ma, ba ca doju Rimon,
te ñeenti weer lañu fa làqu.
48 Ci kaw loolu bànni Israayil walbatiku
dalati ca Beñamineen ña; dëkkoo dëkk, ñu
boole mala ak nit, ak mboolem lu ñu gis,
leel leen ñawkay saamar. Mboolem dëkk
bu ñu yem it, lakk nañu ko.

# 21

### *Giirug Beñamin suqaliku na*

1 Ba bànni Israayil dajee ca Mispa dañoo
giñoon ne: «Bu kenn ci nun may doomam
ab Beñamineen jabar.»
2 Gannaaw gi, askan wi daje fa Betel. Fa
lañu toog ba ngoon, fa kanam Yàlla, di
jalooka jooyoo jooy yu metti.
3 Ña nga naa: «Éy! Aji Sax ji Yàllay
Israayil, lu waral lii am fi digg Israayil?
Genn giirug Israayilu lëmm wuute tey?»
4 Ca ëllëg sa mbooloo ma teela xëy, tabax
fa ab sarxalukaay. Ci kaw loolu ñu def ay
saraxi rendi-dóomal, ak saraxi cant ci biir
jàmm.
5 Bànni Israayil nag ne: «Ana ci mboolem
giiri Israayil, gan moo teewesiwul ndaje
mi fi kanam Aji Sax ji ci Mispa?» Fekk na
ñu dogoo ngiñ lu réy, ne képp ku
teewesiwul ndaje ma fa kanam Aji Sax ji
ca Mispa, dee rekk mooy àtteem.
6 Bànni Israayil nag ñeewante seen bokki
Beñamineen. Ña nga naa: «Ndeysaan, genn
giir a ngi fey ci Israayil waay!
7 Nan lanuy def nag ba seenu ndes ami
jabar, gannaaw noo giñoon ci Aji Sax ji, ne
dunu leen may jabar kenn ci sunuy
doom?»
8 Ba loolu amee ñu ne: «Ana gan giir ci
bànni Israayil, gu teewesiwul ndajem
Mispa mii, fi kanam Aji Sax ji?» Ndeke
kenn ku jóge Yabes Galàdd dikkul ca dalub
ndaje ma.
9 Ndax gannaaw ba ñu waññee mbooloo
ma, kenn ci waa Yabes Galàdd teewu ca.
10 Ba loolu amee ndaje ma yebal fa fukki
junniy nit ak ñaar (12 000), ay jàmbaari góor.
Ñu sant leen ne leen: «Demleen fàdd waa
Yabes Galàdd; leelleen leen ñawkay
saamar, ba ca jigéen ñaak gone ya.
11 Ni ngeen di def nii la: Gépp góor ak
jépp jigéen ju xam góor, faagaagalleen ko.»
12 Ba ñu demee, ñeenti téeméeri janq yu
masula séy lañu fekk ca waa Yabes Galàdd.
Ñu yóbbu leen ca dalub Silo ba ca réewum
Kanaan.
13 Ba loolu amee waa ndaje ma mépp
yónnee, waxtaan ak Beñamineen ña ca doju
Rimon. Ñu yóbbante leen kàdduy jàmmoo.
14 Booba la Beñamineen ña ñibbisi, ñu
may leen janq ja mucce ca jigéeni Yabes
Galàdd, waaye matewuñu leen, ñoom ñépp.
15 Askan wa nag ñeewante Beñamineen
ña, ndax la leen Aji Sax ji néewal, ba wéetal
giiri bànni Israayil.
16 Ci kaw loolu magi ndaje ma ne: «Nu
nuy def ba amal ñi des jabar, gannaaw aw
jigéen jeex na ci Beñamineen ñi?
17 Beñamineen ñi mucc kat manuñoo
ñàkk kuutaay. Lu ko moy genn giirug
Israayil mooy réer.
18 Nun nag dunu leen mana may jabar ci
sunuy doom, nde noo giñoon ne: “Képp ku
may ab Beñamineen jabar, yal na alku!”»
19 Ci biir loolu seen xel ne yarr ci
màggalu Aji Sax ju ñuy amal ci jant yooyu,
te muy am at mu nekk ca Silo, ca
bëj-gànnaaru Betel, ca penkub yoonu
Sikem wa jóge Betel, ca bëj-saalumu
Lebona.
20 Ñu sant Beñamineen ña ne leen:
«Dangeen di dem, waajal am tëru ca tóokëri
reseñ ya.
21 Yeeruleen, bu janqi Silo ja dikkee, di
wàllisi pecc ma rekk, ngeen ne pëll génne
ca tóokëri reseñ ya, ku nekk gëf jabaram ca
ñoom, ngeen daldi ñibbi Beñamineen.
22 Bu nu seeni baay, mbaa seeni càmmiñ
àkksee rekk, nu wax leen, ne leen: “Ngalla
waay, dimbalileen leen ngir nun, ndax
jigéen ñu leen doy jabar ñoom ñépp lañu
leen amalul woon ca xare ba. Te it
gannaaw du yeena leen leen may,
woruleen seen ngiñ.”»

23 Beñamineen ña def noona. Ca waa pecc
ma lañu gëfe ay jabar yu tollook seenub
lim. Ñu daldi dellu ca seen céru suuf. Ba
loolu amee ñu tabaxaat dëkk ya, dëkke.
24 Jant yooyu la bànni Israayil bàyyikoo
foofa, ku nekk ñibbi ca giiram ak ca
làngam. Foofa lañu jóge, ku nekk dellu ca
céru suufam.
25 Jant yooyu nag buur amuloon ca
Israayil. Lu neex waay rekk, def.

# Ruut

Téereb *Ruut* da noo delloo ca jamono ja njiit ya yoree kilifteefu bànni Israayil, laata bànni Israayil di fal buur. Ruut moo jur doom ju góor Obedd, mi jur Yese, baayu Daawuda mi falu ñaareelu buuru Israayil.

Gannaaw ba jëkkëram faatoo, Ruut la soob mu dëddu réewum Mowabeen ma mu cosaanoo, ngir toppatoo ab goroom Nawmi, mi doon ab jëtun moom itam. Ngëm gi Ruut gëm Aji Sax ji moo tax mu mana séy ak ku bokk ci bànni Israayil. Ci mujjantal ga, naqaru Nawmi soppaliku doon bànneex ndax kóllëreg Ruut ak njekkug mbokkam Bowas, moom mi am sañ-sañu jotaat ko.

Ci tënk:

1.1-10 Aw tiis dikkal na Nawmi.
1.11-22 Ruut sàmm na kóllëre digganteem ak Nawmi.
2.1—3.18 Bowas mbokkum Nawmi def na njekk.
4.1-17 Bowas def na wareefam, ni jotkat bi mu doon.
4.18-22 Lii mooy cosaanu Daawuda, mi sëtoo ci Bowas ak Ruut.

## *Musiba dikkal na kër Elimeleg*

[1] Ba njiit ya daan àtte faloo ca Israayil*, jamono jooju dafa amoon xiif ca réew ma. Jenn waay bàyyikoo Betleyem ca diiwaanu Yuda, ànd ak soxnaam ak ñaari doomam yu góor, ñu toxuji ca réewum Mowab†.
[2] Waa ja Elimeleg la tuddoon, soxnaam di Nawmi, ñaari doomam yu góor ya di Maxlon ak Kilyon. Ay Efrateen lañu, cosaanoo Betleyem ca Yuda. Ñu agsi ca réewum Mowab, daldi sanc foofa.
[3] Gannaaw gi, Elimeleg jëkkëru Nawmi faatu; Nawmi des ak ñaari doomam yu góor.
[4] Ñooñu mujj jël ay jigéeni Mowab soxna; kenn ka di Orpa, ka ca des di Ruut. Ba ñu nekkee foofa lu tollu ci fukki at,
[5] ñoom ñaar ñooñu di Maxlon ak Kilyon faatu ñoom it, jigéen ja ñàkk noonu ñaari doomam ak jëkkëram. Mu des moom kese.

## *Ruut topp na Nawmi*

[6] Ba loolu amee Nawmi fabu, mook goroom ya, ngir jóge réew ma. Booba fekk na mu dégge ca Mowab ne Aji Sax ji xettali na ñoñam, ba may leen ab dund.
[7] Ma nga jóge fa mu dëkkoon, ànd ak ñaari goroom ya, ñu tegu ca yoon wa, jëm Yuda.
[8] Ci biir loolu mu wax ak ñaari goro ya, ne leen: «Demleen kay, ñibbileen, ku nekk sa kër yaay. Yal na leen Aji Sax ji baaxe, na ngeen baaxe woon ñi wuutu, te baaxe ma, man itam.
[9] Yal na Aji Sax ji may ku nekk ci yeen jàmm ca kër jëkkër ja muy amaat.» Ci kaw loolu mu fóon leen, ñu ne yikkét jooyoo.
[10] Ñu ne ko: «Déet, yaw kay lanuy àndal, dem ca say bokk.»
[11] Mu ne leen: «Ñibbileen ngalla, doom, lu ngeen di ànd ak man doye? Ndax dama leena manatee jural ay jëkkër ci sama biir bii?
[12] Ñibbileen rikk doom, demleen, ngir man damay mag, ba wees séy; te su ma ci dese woon yaakaar it, guddig tey jii sax su ma ci séyoon, jur ciy doom,
[13] mbaa dingeen leen mana xaar, ba ñu màgg? Xanaa dungeen toog, baña séy ndax ñoom? Déedéet, doom. Maa leen ëpp naqar, man mi Aji Sax ji nattoo nii.»
[14] Ñu dellu ne yikkét, di jooyoo. Orpa fóon goroom, tàggatook moom, Ruut nag moom langaamu ko rekk.
[15] Mu ne ko: «Gis nga sa wujju peccorgo waa ngay ñibbi cay bokkam aki yàllaam. Àndal ak moom ñibbi kay!»
[16] Mu ne ko: «Bu ma soññ mukk ci loolu, duma la wacc, duma la dëddu. Foo jëm, fa laa jëm; fooy dal, fa laay dal; say bokk di saay bokk; sa Yàlla di sama Yàlla.
[17] Foo deewe it, ma deewe fa, ñu denc ma fa. Yal na ma Aji Sax ji teg mbugal mu gëna tar, ndegam lenn lu moy dee tàggale na maak yaw.»
[18] Nawmi nag gis ni Ruut dogoo ci ànd ak moom, ba tax soññatu ko.

---

* **1.1** Booba buur amagul woon ca Israayil. † **1.1** ***réewum Mowab*** ak réewum Israayil ñoo feggoo woon, waaye seen diggante neexul woon.

19 Ba mu ko defee ñu ànd ñoom ñaar, ba
àgg Betleyem.

Naka lañu àgg Betleyem, dëkk ba bépp
ne kër-kër, ne këpp ndax ñoom. Jigéen ña
naa: «Xanaa kii kay du Nawmi?»
20 Mu ne leen: «Buleen ma ne Nawmi
(muy firi Boroom mbégte mi), neleen ma
Mara (muy firi Boroom naqar wi), ndax
Aji Man ji da maa teg naqar wu réya réy.
21 Maa demoon ak loxo yu ne gadd, Aji
Sax ji delloosi maak loxoy neen. Kon lu
ngeen may woowe Nawmi doye, te Aji Sax
ji àtte ma ñàkkal? Ndax kat Aji Man ji ci
njàqare la ma tàbbal!»
22 Noonu la Nawmi jógee Mowab, ñibbisi,
ànd ak Ruut, gorob Mowabeenam ba. Ñu
agsi Betleyem, fekk ngóobum lors ma di
tàmbali.

# 2

## *Ruut gis na ku ko baaxe*

1 Nawmi nag amoon na wóllërey
jëkkëram, di góor gu ñuy wax Bowas, bokk
ci làngu Elimeleg, di ku am daraja.
2 Mu am bés Ruut, ndawas Mowab sa,
ne Nawmi: «Tee maa dem tool, ndax ma
gis boog ku ma laaye biir, ma mana
raasaatu gub yu des ca gannaawam?» Mu
ne ko: «Waaw, demal, doom.»
3 Mu dem ca tool ya, topp ñay góob, di
raasaatu. Yàlla-woo-yàlla, tool booba di
toolu Bowas ma bokk ak Elimeleg.
4 Nes tuut Bowas ne jalañ, jóge
Betleyem. Mu nuyook ñay góob ne leen:
«Jaagéenjëf waay, yal na Aji Sax ji ànd ak
yeen.» Ñu fey ko ne ko: «Jaajëf sa wàll, yal
na la Aji Sax ji barkeel.»
5 Mu laaj ka jiite ngóob ma, ne ko: «Ndaw
sii fu mu bokk?»
6 Mu ne ko: «Mooy waa Mowab ba
Nawmi àndal, jóge Mowab, ñibbisi.
7 Dafa ñaan ñu may ko, mu topp ci ñiy
góob, di raasaatu ci gub yi ñuy rotle. Ci
suba la ñëw di liggéey ba nëgëni;
noppaluwul lu moy diir bu gàtt ci mbaar
mi.»
8 Bowas nag ne Ruut: «Doom, ma ne, bul
raasaatuji ci beneen tool bu dul bii. Bul
wees fii. Toogal fii ci samay surga yu
jigéen.
9 Xoolal bu baax fi xale yu góor yiy góobe,
te nga topp fa jigéen ñi. Dinaa wax xale yu
góor yi ne leen buñu la sonal. Soo maree,
demal naan ca njaq ya góor ñi duy.»

10 Naka la wax loolu, mu sujjóot, dëpp
jëëm fa suuf, ne ko: «Xanaa su la neexoon
de, doo ma nemmiku sax, ndax ab
doxandéem laa, waxatuma nga di ma
laaye nii biir!»
11 Mu ne ko: «Dégg naa bu baax li nga
defal sa goro lépp, te fekk sa jëkkër faatu,
ak ni nga wonee gannaaw sa ndey ak sa
baay ak sa réewum cosaan, ba ñëw dëkksi ci
biir xeet woo xamuloon démb ak
bërki-démb.
12 Yal na la Aji Sax ji fey sa jëf. Aji Sax ji
Yàllay Israayil ji nga làqusi ci kiiraayam,
yal na la yool, ba mu mat sëkk.»

13 Ruut ne ko: «Teral nga ma de, sang bi.
Yaa ngi may laaye biir, ndaxte dëfal nga
ma, wax ma lu seral sama xol, te moona
say surga yu jigéen yi sax a ma gën.»

14 Ba añ jotee, Bowas ne Ruut: «Kaay,
sàkk ci mburu mi ak ñeex mi.» Mu daldi
toog, feggook ñay góob; Bowas may ko
mbool, mu lekk ba suur, ba desal.

15 Naka la jóg, di raasaatuji, mu sant ay
surgaam, ne leen: «Bu doon raasaatu ci
biir sabaar yi sax, buleen ko ñàkke kersa.
16 Roccilleen koo roccil ci takk yi, bàyyi
ko mu for, te buleen ko gëdd.»

17 Ba loolu amee, Ruut di raasaatu ba
ngoon jot, mu bàcc la mu raasaatu ci
peppum lors, mu doon lu tollook fanweeri
kilo.
18 Mu yóbbu ko ba ca dëkk ba, goroom gis
la mu raasaatu, mu daldi yebbi la desoon
ca añam, jox ko.
19 Goro ba ne ko: «Foo raasaatoo lii lépp
tey? Ban tool nga doon liggéeye sax? Ki la
nemmikoo nii de, yal na barkeel!» Ruut
nag wax goroom ka mu doon liggéeye
toolam, ne ko: «Ka ma doon liggéeye
toolam de, Bowas lañu koy wax.»

20 Nawmi ne Ruut: «Yal na Aji Sax ji
barkeel Bowas, moom mi saxoo sàmm
ngoram digganteem ak nit, muy kuy dund
walla ku dee!» Mu teg ca ne ko: «Kooku ku

nu jege la; bokk na ci ñi nekk sunu
jotkat*.»
21 Ruut ndawas Mowab sa ne: «Moom de
da ma ne sax, ma topp ciy surgaam, ba
ngóobam mépp daj.»
22 Mu ne ko: «Waaw kay, doom, toppal ci
surgay Bowas yu jigéen rekk, bala ñu laa
soxore ci beneen tool.»
23 Noonu la Ruut ànde ak surgay Bowas
yu jigéen, topp ci ñoom di raasaatu, ba
keroog ngóobum lors baak bele ba lépp
jeex. Mu toog nag ak goroom.

# 3

## *Ruut gise na ak Bowas*

1 Gannaaw gi Nawmi, gorob Ruut ba,
dafa wax Ruut ne ko: «Doom, tee ma laa
sàkkal fooy ame jàmm, nga féete fa?
2 Bowas mii nga nekkoon aki surgaam
yu jigéen, du mbokk lenqe la? Guddig tey
jii kat Bowas dina jériji peppum lors ca
dàgga ja.
3 Kon nag sangul, solu ba jekk, xeeñu,
dem ca dàgga ja. Bu ko feeñu nag te lekkul,
ba naan ba noppi.
4 Bu demee ba tëdd, nanga nemmiku fa
mu tëdd. Su ko defee nga àgg ba foofa,
muri fa féeteek tànk ya, tëdd. Moom dina la
xamal li nga wara def.»
5 Mu ne ko: «Baax na, loolu rekk laay
def.»
6 Ba mu ko defee mu dem ca dàgga ja,
daldi def la ko goroom wax lépp.
7 Bowas lekk, naan ba xolam sedd,
doora dem tëdd ca peggub jalu pepp ba.
Ruut jegesi ndànk, muri fa féeteek tànk yi,
tëdd.
8 Ñu dem ba xaaju guddi, góor gi jekki ne
bërét, toog, yem ci ndaw si tëdd fi féeteeki
tànkam.
9 Mu ne: «Kii ku mu?» Mu ne: «Man a
Ruut, sang bi. Yiire ma sa mbubb, ndax
mbokk nga, te jotkat nga.»
10 Mu ne ko: «Yal na la Aji Sax ji barkeel,
doom! Jiwati nga bokk gi ngor lu gënatee
rafet. Ndax su la neexoon, nga topp ci xale
yu góor yi, ñu am ak ñu ñàkk.
11 Léegi nag neel tekk rekk, doom. Loolu
nga ñaan lépp, dinaa la ko defal, ndax waa
dëkk bi bépp xam nañu ne jigéen ju
jàmbaare nga.
12 Da di nag, dëgg la sax, mbokk laa mu
la mana jotaat, waaye meneen mbokk mu
la mana jotaat a ngi fi, te moo ma ci gëna
yey.
13 Dangay fanaan fii. Bu ëllëgee, su
fekkee ne nangu naa def warugaram ci
yaw, na ko def, baax na. Su nanguwul
nag, dogu naa ci Aji Sax ji, Kiy dund, man
dinaa ko def. Tëddal fii rekk, ba njël jot.»
14 Ba loolu amee mu tëdd fa féeteek tànki
Bowas, ba njël jot, mu jóg balaa waxtu wu
nit mana xàmmee moroomam. Booba
Bowas bëgguloon ñu xam ne ndaw si ñëw
na ci dàgga ji.
15 Mu ne ko: «Tàllalal malaan mi nga
sàngoo, te téye ko bu baax.» Mu tàllal
malaan ma, mu sotti ca juróom benni natti
peppum lors, yen ko ko, doora dem ca
dëkk ba*.
16 Naka la àgg ca goroom Nawmi, mu ne
ko: «Doom, koo doon nag?» Ruut nettali ko
na góor gi def ak moom yépp,
17 daldi cay teg ne ko: «Juróom benni
natti lors yii, moo ma ko may, ne ma duma
dellu loxoy neen ca sama goro.»
18 Mu ne ko: «Yaw kay neel tekk fii rekk,
doom, ba xam nu mbir miy mujje. Waa jii
du toog te toppatoowul mbir mii tey, ba
mu leer.»

# 4

## *Bowas lal na pexe*

1 Ci biir loolu Bowas dem ba ca buntu
dëkk ba*, toog fa. Noonu rekk mbokk ma
mu waxoon ne su dee jotaat, moo ko ci
gëna yey, daldi fay jaare. Mu woo ko ne ko:
«Diwoo, kaay fii, toog tuuti.» Mu dikk, toog.
2 Bowas woo fukki magi dëkk ba, ne
leen: «Toogleen.» Ñu toog.
3 Mu wax ak mbokk ma yeyoo sañ-sañu
jotaat ba, ne ko: «Ab làccu suuf bu sunu
mbokk Elimeleg moomoon la, Nawmi di

* **2.20** ***jotkat:*** bu góor masaana dee te amul doom, mbokkam mi ko gëna jege mooy jël jabaram, ngir jural ko ku ko donn. Kooku mooy jotaat suufi mbokkam mi dee, jënd ko, ngir alal ji des ci biiri bokkam. * **3.15** Manees naa dégge nii itam: *yen ko ko, mu ñibbi ca dëkk ba.* * **4.1** ***ca buntu dëkk ba*** la pénc ma nekkoon, booy duggsi.

ko jaay. Mooy ka jóge réewum Mowab,
ñibbisi.
4 Man nag dama noon war naa la koo
yegge, te laaj la ndax danga koy jënd ci
kanam magi dëkk bi ak ñi fi toog. Soo
bëggee def sa warugaru jotaat, jëndal. Soo
bëggul, wax ma, ma xam. Ndax kat kenn
gënu la cee yey, te maa topp ci yaw.» Mu
ne ko: «Damay jënd kay!»
5 Mu ne ko: «Ãa bés boo jëndee suuf si ci
Nawmi nag, yaay denc Ruut ndawas
Mowabeen sa doon soxnas ndem-si-yàlla
si, ndax nga mana lawal askanam, ba du
fey, boole ci sàmmal leen seen alal.»
6 Mu ne: «Kon de duma mana def sama
warugar, ndax sama alal a ciy yàqoo†.
Fabal boog sama sañ-sañu jotaat, ndax
duma ko mana jariñoo.»
7 Booba Israayil, jamono yu njëkk yooya,
mbirum njëndum jotaat mbaa ag weccoo,
la ñu ko baaxoo dogale ci diggante nit ak
moroom ma, nii la: Kii day summi dàllam,
jox kee. Noonu lees daan yoonale ag
jëflante ca Israayil.
8 Moo tax ba boroom sañ-sañu jotaat ba
waxee Bowas, ne ko: «Jënd ko yaw,» dafa
daldi summi dàllam, dogale ko mbir ma.
9 Ba mu ko defee Bowas wax ak mag ña
ak ñeneen ña ñépp, ne leen: «Seedeleen
bésub tey ne jënd naa ci Nawmi mboolem
alalu Elimeleg ak mboolem alalu Kilyon
ak Maxlon,
10 boole ci Ruut, ndawas Mowab sa
doon soxnas Maxlon, muy sama soxna. Su
ko defee ma mana lawal askanam, ba du
fey, boole ci sàmmal leen seen alal, ba turu
Elimeleg du réer ci biiri bokkam te du raaf
ci limeefu dëkk bi. Yeena ko seede bésub
tey jii.»
11 Waa pénc ma mépp ak mag ña nag ne
ko: «Noo ko seede. Yal na Aji Sax ji def
ndaw siy séysi sa kër, mel ni Rasel ak
Leya‡, ñoom ñaar ñi giir waa kër Israayil
gépp. Yal nanga tekki ci digg Efrata te am
aw tur ci Betleyem.
12 Njaboot gu la Aji Sax jiy may ci ndaw
sii, yal na ñu lawal saw askan, ba mu mel
ni askanu Peres ma Tamar am ak Yuda.»

## *Yàlla barkeel na séy ba*

13 Ba mu ko defee Bowas jël Ruut.
Gannaaw gi, mu ànd ak moom; Aji Sax ji
may ko mu ëmb, ba mujj am doom ju góor.
14 Jigéen ña ne Nawmi: «Sant Aji Sax ji!
Moom mi la xañul mbokk mu la jotaat nii
tey! Yal na xale bi di ku am aw tur ci
Israayil gépp.
15 Dina la leqali, dimbali la keroog ba
ngay mag, ndax sa goro bi la bëgg te gënal
la juróom ñaari doom yu góor, moo ko jur.»
16 Nawmi nag fab xale bi, taf ko ci
dënnam. Gannaaw loolu moo ko doon
toppatoo.
17 Jigéeni gox ba nag naa: «Waay waay
Nawmi am na doom ju góor!» Ñu tudde
xale bi Obedd. Obedd moo jur Yese miy
baayu Daawuda.
18 Kon lii mooy askanu Peres§ ci wàllu
geño: Peres moo jur Esron,
19 Esron, Ram; Ram, Aminadab;
20 Aminadab, Naason; Naason, Salma;
21 Salma, Bowas; Bowas, Obedd;
22 Obedd, Yese; Yese, Daawuda.

† **4.6** Su waa ji defoon warugaru jotaatam, ba denc Ruut, kon moom mooy yor Nawmi ak Ruut ak doom ju ñu am ci séy bi, te it ay doomi boppam duñu donn suufas Elimeleg. Doom ji muy am ak Ruut moo koy donn. Loolu moo doon aaday bànni Israayil. ‡ **4.11** ***Rasel ak Leya*** ñooy doon soxnay Yanqóoba. § **4.18** ***Peres,*** taawu Yuda la, di sëtu Yanqóoba.

# 1.Samiyel
## di téere bi njëkk

Yonent Yàlla Samiyel mi ñu dippee téere bii ak bi ci topp moo doon ki mujj ci njiit yi Yàlla joxoon ñoñam, ngir ñu wallu leen ci nootaange. Téere baa ngi doore ci lu jiitu juddub Samiyel, ba yaayam tëlee am doom, ba xasal Yàlla ne bu ko Yàlla mayee doom ju góor, moom la koy sédde. Samiyel moo boole woon ci loxoom caytug askan wi ak sasu carxal gi seenug jaamu Yàlla laajoon, ba ci jamono yu yorinu réew ma soppiku. Bànni Israayil gàntal doomi Samiyel yi ko waroona wuutu. Kuutaay la ñu sàkku ci Samiyel mooy buur bu mu leen di falal.

Ci tënk:
- 1.1—7.17 Lu jëm ci ndoortel liggéeyu Samiyel, ak xare baak waa Filisti.
- 8.1—15.35 Buur Sawul jógtee na ay ndam.
- 16.1-23 Yàlla fal na Daawuda.
- 17.1-58 Mbaq ak doj la Daawuda daane Golyaat.
- 18.1—24.23 Sawul iñaane Daawuda, di ko rëbb.
- 25.1—31.13 Lu jëm ci yokkuteb Daawuda ak deewug Sawul.

## Lii mooy jaar-jaari Samiyel

*(Saar 1—7)*

### *Aana ñaan na doom*

1 Amoon na genn góoru Cuufeen gu
dëkkoon Raama* ga ca tundi Efrayim. Ñu
di ko wax Elkana, baayam di Yeroxam.
Yeroxam, Eliyu mooy baayam; Eliyu,
Towu mooy baayam; Towu, Cuuf mu
Efrayim mooy baayam.
2 Elkana amoon na ñaari soxna. Kenn ka
di Aana, ka ca des di Penina. Penina
amoon na ay doom, waaye Aana amul
woon doom.
3 At mu nekkaan Elkana day jóge
dëkkam, dem Silo, màggali fa Aji Sax ji
Boroom gàngoori xare yi, sarxalal ko ca
Silo. Foofa la Xofni ak Fineyas, ñaari
doomi Eli yu góor ya doonoon sarxalkati
Aji Sax ji.
4 Bés bu Elkana daan sarxal, day jox
soxnaam Penina, mook doomam yépp,
góor ak jigéen, ci yàppu sarax si.
5 Waaye Aana la daan beral loxo ca
sarax sa, ndax cofeelam ci moom, doonte
Aji Sax ji mayul Aana doom.
6 Wujjam nag dëkke koo ñaawal, ngir
naqaral ko ndax la ko Aji Sax ji mayul
doom.
7 At mu nekkaan noonu la. Saa yu Aana
demaan kër Aji Sax ji, noonu la ko daan
ñaawale, ba muy jooy, daawul nangoo lekk.
8 Elkana jëkkër ja di ko wax ne ko: «Aana,
looy jooy, ak lu la tee lekk? Ñàkk doom
moo la tax ne yogg nii? Maa ngii! Ndax
dama laa gënalul fukki doom yu góor?»
9 Mu am bés, gannaaw ba ñu lekkee ba
naan ca seen saraxu cant, foofa ca Silo,
Aana jóg. Booba Eli sarxalkat baa nga ca
toogu ba, feggook jënu buntu
jaamookaayu Aji Sax ji.
10 Aana dem ba foofa, ànd ak naqaru
xolam, di ñaan ci Aji Sax ji, tey jooy jooy yu
metti.
11 Ci biir loolu mu xas aw xas, daldi ne:
«Éy Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi,
Sang bi, soo nemmiku woon ba nemmiku
njàqare jii ma nekke, bàyyi ma xel, bañ
maa fàtte, ba may ma doom ju góor! Kon
déy, maa koy sédde Aji Sax ji, giiru dundam
gépp, saatus watukaay du jaar ci boppam
mukk†.»
12 Ñaanu Aana ca Aji Sax ji nag yàgg, Eli
di ko seetlu.
13 Booba Aanaa ngay ñaan ca xelam,
gémmiñ ga rekk ay yëngu, waaye déggeesul
baatam. Eli foog ne dafa màndi,
14 ne ko: «Foo àppal sa màndite mi?
Doxal, giifali sa ñoll wi!»
15 Aana ne ko: «Du loolu de, sang bi.
Dama di jigéen ju ànd ak naqaru xol,
waaye du biiñ, du leneen luy màndee lu
ma naan. Dama doon diis Aji Sax ji sama
tiisu xol.
16 Bu ma jàppe jigéen ju bon, sang bi.
Bare naqar aku tiis a ma tax di ñaane nii,
booba ba léegi.»

* **1.1** ***Raama*** mooy Raamatayim ba tey.
† **1.11** Njañ lu ñu dul wat, moom lañu daan màndargaale nit ku ñu sédde Aji Sax ji.

17 Eli ne ko: «Kon nag demal ak jàmm, yal
na la Yàllay Israayil nangul li nga koy
ñaan.»
18 Aana ne ko: «Amiin, sang bi, yal nanga
ma yàgga yéwéne.» Ba mu ko defee Aana
dem yoonam, doora mana lekk, kanam ga
leer.
19 Ba loolu amee Elkana ak njabootam
teela xëy ca ëllëg sa. Ñu màggal Aji Sax ji,
ba noppi bàyyikoo fa, ñibbi seen kër ca
Raama.

### *Lu jëm ci juddub Samiyel ak ngoneem*

Gannaaw gi, Elkana ànd ak soxnaam
Aana, Aji Sax ji nag bàyyi Aana xel.
20 Aana mujj ëmb ca ndeetel at ma.
Gannaaw gi, mu am doom ju góor, tudde
ko Samiyel (muy firi Yàlla dégg na), ndax
da ne: «Maa ko ñaan Aji Sax ji.»
21 Gannaaw gi, Elkana ànd ak
njabootam gépp dellu Silo, ngir defali Aji
Sax ji saraxu at ma, boole ca sarax bu mu
xasoon ne dina ko def.
22 Waaye Aana demul, ndax dafa wax
jëkkëram ne ko: «Gannaaw bu xale bi feree
laa koy yóbbu, sédde ko Aji Sax ji, mu des
foofa benn yoon.»
23 Elkana, jëkkër ja, ne ko: «Kon baax na,
defal noonu nga bëgg. Toogal fii yaak
moom, ba feral ko ba noppi. Yal na Aji Sax
ji sottal la mu waxoon rekk.» Ndaw sa nag
des ca Raama, di nàmpal doomam, ba feral
ko.
24 Naka la feral xale bi, ànd ak moom,
muy lu tuut, mu yóbbu ko ca kër Aji Sax ji
ca Silo. Mu yóbbaale ñetti yëkk‡, ak benn
efab sunguf, yemook fanweeri kilo, ak
mbuusu biiñ.
25 Ba mu ko defee ñu rendi yëkk wi, ba
noppi indi xale bi ci Eli.
26 Aana ne ko: «Sang bi, baal ma de,
waaye giñ naa, nga fekke, maay ndaw si
taxawoon fii ci sa wet, di ñaan ci Aji Sax ji.
27 Xale bii moo ma taxoon di ñaan, te Aji
Sax ji defal na ma sama dagaan.
28 Léegi nag man maa ko sédd Aji Sax ji:
giiru dundam lees ko sédd Aji Sax ji.» Ba
loolu amee ñu sujjóotal Aji Sax ji foofa.

# 2

### *Aana sant na*

1 Ci kaw loolu Aana ñaan ne:
«Sama xol a ngi bége Aji Sax ji,
ci Aji Sax ji laa ame doole.
Maa am tontal noon yi,
nde maa bànneexoo sag wall.

2 «Kenn sellul ni Aji Sax ji,
amuloo dend moos,
cëslaay melul ni sunu Yàlla!

3 «Buleen ŋalŋaleeti, di damooka damooti,
bu reewande génne seen gémmiñ,
Aji Sax jeey Yàlla ji xam lépp,
te mooy natt jëfi nit.
4 Fittu jàmbaar damm,
néew-doole yi sol kàttan.
5 Ña reggoon, bindu, di dunde,
ña xiifoon, noppee liggéey.
Jigéen ju njur të woon jur juróom ñaar,
ku jur góori góor jeex tàkk.

6 «Aji Sax jeey rey, di dundal,
mooy wàcce jaam njaniiw, génnee ko ca.
7 Aji Sax jeey xañe, di maye,
di detteel, di kaweel.
8 Mooy yékkatee ku ndóol ci suuf,
jële ku ñàkk ci mbuubit,
boole leen dëj ca garmi ya,
sédde leen jataayu teraanga.

«Aji Sax jee moom kenuy suuf,
samp ci àddina.
9 Mooy sàmm jéegoy wóllëreem,
ku bon sànkoo biir lëndëm,
nde doole mayewul ndam.
10 Aji Sax ji, ñi koy xeex ay rajaxoo,
kaw asamaan lay dënoo ci seen kaw.
Mooy mbugal àddina ba mu daj,
di kàttanal buuru ñoñam,
di dooleel ki mu fal.»
11 Gannaaw ba loolu wéyee Elkana ñibbi
këram ca Raama. Ngóor sa moom, des ca
Silo, di liggéeyal Aji Sax ji, fa kanam Eli
sarxalkat ba.

### *Lu jëm ci doomi Eli*

12 Doomi Eli yu góor ya nag def nit ñu
bon ñu faalewul Aji Sax ji.

‡ **1.24** *ñetti yëkk:* am na ñu naan *yëkku ñetti at,*

13 Lii moo di li sarxalkat yooyu
tàmmoona def ak askan wi. Saa yu nit
indiwaan juru sarax, bu ñuy togg yàpp wi,
surgab sarxalkat bi day ŋàbb seppikaayu
yàpp bu nirook roqub ñetti bëñ, dikk,
14 capp ko ci biir, muy ndab lu tell, mbaa
kawdir, mbaa cin, mbaa mbana—lu roq ba
génne rekk, mu jël, sarxalkat bi féetewoo.
Noonu lañu daan def ak mboolem niti
bànni Israayil, ña daan ñëw foofa ca Silo.
15 Rax ci dolli bala ñoo lakk nebbon bi*
sax, surgab sarxalkat bi day dikk, ne nit
kiy sarxal: «Joxal sarxalkat bi ci yàpp wi,
mu saaf. Du nangu nga jox ko yàpp wu ñor,
yàpp wu xonq rekk.»
16 Su ko nit ki nee: «Xanaa dees na njëkka
lakk nebbon bi ba mu jeex, nga doora sàkk
lu la neex?» Mu ne ko: «Mukk! Léegi nga
ma ciy jox, lu ko moy doole laa koy jële.»
17 Bàkkaaru doomi Eli yi réyoon na lool fi
kanam Aji Sax ji, ndax dañu daan teddadil
saraxu Aji Sax ji.

### *Lu jëm ci waa kër Samiyel*

18 Ci biir loolu ngóor sa Samiyel moom,
ma ngay liggéeyal Aji Sax ji, sol xar-sànni
mi ñu ràbbe lẽe.
19 Mbubb mu ndaw nag la ko yaayam
daan ràbbal, yóbbul ko at mu jotaan, buy
ànd ak boroom këram sarxali saraxu at ma.
20 Ci biir loolu Eli daan na ñaanal Elkana
ak soxnaam, bala ñoo ñibbi, ne: «Yal na la
Aji Sax ji may kuutaay ak sa soxna sii, ñu
wuutu ki mu sédd Aji Sax ji.»
21 Aji Sax ji nag dikke Aana aw yiw, mu
amaat ñetti doom yu góor ak ñaar ñu jigéen.
Ci biir loolu Samiyel moom, ma ngay
màgg fa wetu Aji Sax ji.

### *Eli artu na ay doomam*

22 Eli nag mujj na di mag lool. Ba mu
yégee mboolem li doomam yu góor yi def
ak Israayil gépp, bay tëdde sax jigéen ñiy
liggéey ci bunt xaymab ndaje mi,
23 da leena wax, ne leen: «Ana lu waral
ngeen di def jëf jii? Maa dégge ci askan
wépp jëf ju bon jii ngeen nekke.
24 Aa! Xale yi, coow li ma dégg, muy law
ci biir ñoñi Aji Sax ji, rafetul de!
25 Su nit ki tooñee moroomu nitam,
Yàllaay àtte; waaye su dee Aji Sax ji la nit ki
tooñ, ana ku koy àtte?» Wax jooju nag
taxul ba tey ñu déggal seen baay. Booba
fekk na Aji Sax ji namm leena rey.
26 Ci biir loolu yépp, ngóor sa Samiyel di
màgg, neex Aji Sax ji, neex nit ñi.

### *Nitu Yàlla rëbb na Eli*

27 Mu am bés genn góoru Yàlla dikk ci Eli,
ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne: “Maa feeñu
woon ci lu leer sa waa kër baay ba ñu
nekkee Misra, di moomeelu kër Firawna.
28 Maa tànne sa baay ci digg giiri Israayil
yépp, ngir mu doon sama sarxalkat, di
yéeg ci sama sarxalukaay, di taal cuuraay,
sol xar-sànni mi, janook man. Maa sédd it
sa waa kër baay mboolem saraxi sawara
yu bànni Israayil.
29 Lu tax ngeen di teddadil sama saraxi
rendi ak yeneen sarax yi ma santaane ci
màkkaan mi? Lu waral ngay teral sa doom
yi teraanga joo ma joxul, ba ngeen di
yafloo li gën ci mboolem saraxi Israayil
sama ñoñ?”
30 Kon nag kàddug Aji Sax jee, Yàllay
Israayil: “Maa waxoon déy ne, sa waa kër
ak sa waa kër baay ñooy doxe fi sama
kanam, di ma liggéeyal ba fàww.” Léegi nag,
kàddug Aji Sax jee: “Loolu jomb naa ko tey.
Ñi ma teral laay teral; waaye ñi ma
teddadil, dees na leen tuutal.
31 Te kat ay bés a ngi ñëw, maay dagg sa
doole, dagg sa dooley waa kër baay, ba
deesatul màggate ci sa kër.
32 Njàqare ngay saxoo ci sama dëkkuwaay.
Israayil dina baaxle moos, waaye du tax
kenn màggate sa kër mukk.
33 Dina am ku bokk ci yaw ku ma dul
dagge ci liggéey bu jëm ci sama
sarxalukaay, waaye maa lay jooyloo, ba
nga ñàkki bët, teg la njàqarey xol, te
mboolem ñu yokku ci sa kër, seen digg
doole lañuy deewe.
34 Li nga ciy def ab takk mooy liy dikkal
Xofni ak Fineyas, sa ñaari doom yu góor yii:
benn bés lañuy bokk dee ñoom ñaar ñépp.
35 Te it maay tabbal sama bopp
sarxalkat bu wóor boo xam ne sama
nammeelu xol ak sama bëgg-bëggu bakkan
lay jëfe. Maa koy sampal kër gu wóor, muy
doxe fi kanam ki ma fal ba fàww.

* **2.15 *nebbon:*** nebbon ak deret, yoon mayewul woon ñu lekk ko. Seetal ci *Sarxalkat yi* 3.16-17.

36 Su ko defee mboolem ku des ci sa waa
kër dina ko sujjóotalsi, ngir as xaalis mbaa
as dogu mburu, naan ko 'Ngalla sas ma
lenn ci liggéeyu carxal gi, ndax ma am as
dogu mburu su ma lekk'."»

# 3

1 Ngóor sa Samiyel nag moom, di
liggéeyal Aji Sax ji fi kanam Eli.

### *Yàlla def na Samiyel yonent*

Kàddug Aji Sax ji néewoon na ca yooya
jamono, peeñu mu leer it tumurànke woon
na.
2 Mu am bés Eli tëdd fa muy tëdd naka
jekk, fekk bët ya naqari, ba daanaka
gisatul.
3 Booba làmpu jaamookaayu Yàlla bi
feyagul, te Samiyel a ngi tëdd ci biir
jaamookaayu Aji Sax ji, fi gaalu Yàlla gi
nekk.
4 Aji Sax ji woo Samiyel, mu ne: «Maa
ngii»,
5 daldi daw ba ca Eli, ne ko: «Maa ngii,
du yaa ma woo?» Eli ne ko: «Wootewuma
de, dellul tëri.» Mu dellu tëdd.
6 Aji Sax ji dellu woo Samiyel, Samiyel
jóg, dem ba ca Eli ne ko: «Maa ngii, du yaa
ma woo?» Eli ne ko: «Wootewuma de doom,
dellul tëri.»
7 Booba Samiyel xamagul woon Aji Sax
ji, te kàddug Aji Sax ji dikkalagu ko woon.
8 Aji Sax ji wooti Samiyel ñetteel bi yoon,
Samiyel jógati, dem ba ca Eli ne ko: «Maa
ngii, du yaa ma woo?» Eli nag xam ne Aji
Sax jeey woo xale bi.
9 Mu ne Samiyel: «Demal tëri, bu la
wootee, nee ko: "Aji Sax ji, maa ngi lay
déglu, Sang bi, waxal."» Samiyel dellu tëdd
fa muy tëdd.
10 Ba mu ko defee Aji Sax ji dikk taxaw,
wooti ko na woon, ne ko: «Samiyel,
Samiyel.» Samiyel ne: «Maa ngi lay déglu,
Sang bi, waxal.»
11 Aji Sax ji ne Samiyel: «Maa ngii déy, di
waaja def ci digg bànni Israayil, mbir muy
buur noppi mboolem ku ko dégg.
12 Bésub keroog ma matal ci Eli
mboolem lu ma waxoon ne mooy dal waa
këram, ndoorte la ba ca muj ga.
13 Waxoon naa ko ne ko dinaa teg waa
këram mbugal mu sax dàkk, ndax ñaawtéef
gu ay doomam nekke, di ñàkke Yàlla
teggin, mu yég ko te jubbantiwu leen.
14 Looloo waral ma giñal waa kër Eli, ne
du am mukk benn saraxu jur mbaa
beneen sarax bu leen mana jot ci seen
ñaawtéef.»
15 Ci kaw loolu Samiyel tëdd ba ca suba
sa, mu tijji bunti kër Aji Sax ji, waaye
ñemewula nettali Eli peeñu ma.
16 Eli nag woo ko ne ko: «Samiyel doom,
ana nga?» Samiyel ne ko: «Maa ngii.»
17 Eli ne ko: «Kàddu gi mu la wax, lu mu
doon? Bu ma nëbbu kay. Soo ma nëbbee
lenn ci li mu la wax, yal na la Yàlla teg
naqar wu gëna tar.»
18 Samiyel wax ko lépp, nëbbu ko ca
dara. Eli ne: «Mooy Aji Sax ji. Li ko soob,
na ko def.»
19 Ci kaw loolu Samiyel di màgg, Aji Sax
ji ànd ak moom, waccul genn kàddug
Samiyel, mu fanaan àll.
20 Noonu la Israayil gépp ràññee, la dale
Dan ca bëj-gànnaar, ba ca Beerseba ca
bëj-saalum, ne Samiyel taxaw na
taxawaayu yonentu Aji Sax ji.
21 Aji Sax ji nag wéye koo feeñoo ca Silo.
Ci kàddug Aji Sax ji la ko Aji Sax ji daan
feeñoo ca Silo.

# 4

### *Nangu nañu gaalu Yàlla ga*

1 Kàddug Samiyel nag di dikkal Israayil
gépp.
Ci biir loolu bànni Israayil dem, dajeek
waa Filisti ngir xare. Ña nga dal fa
feggook Eben Eser, waa Filisti dal ca Afeg.
2 Filisteen ña làng-déral Israayil, xare ba
jib. Israayil daanu fa kanam waa Filisti,
waa Filisti rey ca seeni làng lu jege ñeenti
junni (4 000) ca toolub xare ba.
3 Ba mbooloo ma ñibbee ca dal ba, magi
Israayil ña ne: «Lu waral Aji Sax ji dumalu
nu tey ci loxoy waa Filisti? Lu waral Aji
Sax ji duma nu ci kanamu waa Filisti?
Nan jëleji gaalu kóllërey Aji Sax ji fa Silo;
na dikk ci sunu biir, ba musal nu ci sunuy
noon.»
4 Ci kaw loolu mbooloo ma yónnee ca
Silo, ñu jëli gaalu kóllërey Aji Sax ji Boroom
gàngoori xare yi, moom mi toog fi tiim

ñaari malaakay serub yi[*]. Foofa ca Silo la
Xofni ak Fineyas, ñaari doomi Eli yu góor
ya, nekkoon ak gaalu kóllërey Aji Sax ja.
5 Ba gaalu kóllërey Aji Sax ji duggsee ca
dal ba, Israayil gépp a xaacoondoo, ba
suuf say riir.
6 Waa Filisti dégg coow la, ne: «Waaw,
coow lu réy loolu ca dalub Ebrë ya, lu mu
doon?»
Ba waa Filisti yégee ne gaalu kóllërey Aji
Sax ja dugg na ca biir dal ba,
7 tiitaangee leen jàpp, ñu ne: «Am na
yàlla ju dugg ca biir dal ba! Wóoy, ngalla
nun! Nde guléet tey lu mel nii am!
8 Wóoy ngalla nun! Ku nuy musal ci jii
yàlla ju bare doole. Yàlla jii moo dumaa
woon waa Misra xeeti mbugal yu nekk, ca
màndiŋ ma.
9 Dëgërluleen déy te diy góor, yeen waa
Filisti, nde lu ko moy ngeen doon jaami
Ebrë yi, na ñu nekke woon sunuy jaam.
Góor-góorluleen boog te xeex.»
10 Waa Filisti nag di xare, ba bànni
Israayil daanu: ku nekk daw jëm
xaymaam. Jéll ba réy na lool; fanweeri
junniy (30 000) xarekat yuy deme tànk des
fa.
11 Gaalu Yàlla ga, ñu jël ko. Xofni ak
Fineyas, ñaari doomi Eli yu góor ya, dee.

## *Mbugal ma topp na waa kër Eli*

12 Ca bés booba jenn waay ju bokk ci
giirug Beñamin dawe ca làngu xare ba ca
Silo. Mu agsee yére yu xottiku ak bopp bu
fees ak suuf, di ko tiisloo.
13 Naka la agsi, yem ca Eli mu toog ca
toogoom ca peggu yoon wa, di séentu,
ndax tiitaange ja ko jàpp ndax gaalu Yàlla
ga. Naka la waa ja duggsi ca dëkk ba, ba
wax la xew, dëkk ba bépp yuuxoondoo.
14 Eli dégg coow la, ne: «Riir moomu lu
mu?» Waa ja gaaw dikk, ngir wax ko Eli.
15 Booba Elee ngi ci juróom ñeent fukki
at ak juróom ñett (98), bët yi ne xóll te
gisatul dara.
16 Waa ja ne ko: «Man mii maa jóge ca
toolub xare ba. Maa dawe làng ga tey jii.»
Eli ne ko: «Doom, lu xew?»
17 Ndaw la ne ko: «Bànni Israayil a daw,
won waa Filisti gannaaw. Jéll bu réy la
sunu mbooloo ma daanu, sa ñaari doom
ya, Xofni ak Fineyas dee nañu, te it gaalu
Yàlla ga, jël nañu ko.»
18 Naka la tudd gaalu Yàlla ga rekk, Eli
xàwweekoo ca toogu ba, daanoo
njaaxaanaay, dal ca buntu dëkk ba, loos
wa damm, mu dee, ndax booba day mag
mu amoon yaram. Fekk na Eli jiite
Israayil ñeent fukki at.
19 Goroom, jabaru Fineyas nag jigéenu
wérul la woon te booba mu ngi waaja
wasin. Naka la dégg ne jël nañu gaalu Yàlla
ga, te baayu jëkkëram ak jëkkëram dee
nañu, mu daldi sukk wasin. Waaye fekk
na mititu matam jeexal dooleem.
20 Ba loolu amee muy waaja dee, jigéen
ña ko doon taxawu ne ko: «Na sa xel dal,
ndax doom ju góor nga am.» Waaye
àdduwul, teewluwul.
21 Ndaw sa nag tudde gone gi Ikabot
(muy firi Ana leer ga?) te naan: «Leer ga
dëddu na Israayil, gàddaay,» ndax la ñu
nangu gaalu Yàlla ga ak la goroom ak
jëkkëram dee.
22 Mu ne: «Leer ga kay dëddu na Israayil,
gàddaay, ndegam jëlees na gaalu Yàlla ga
kay!»

# 5

## *Gaalu Yàlla ga jaaxal na Filisteen ña*

1 Ba waa Filisti nangoo gaalu Yàlla ga,
Eben Eser lañu ko jële, yóbbu ko seen dëkk
Asdodd.
2 Ñu dugal gaal ga ca seen biir kër tuur
ma ñu naan Dagon, teg ko ca wetu jëmmu
Dagon ja.
3 Waa Asdodd teela xëy ca ëllëg sa,
fekkuñu lu moy jëmmu Dagon ja, mu
daanu ba dëféenu fa suuf, fa kanam gaalu
Aji Sax ji. Ñu yékkati jëmmu Dagon ja,
delloo ko fa mu taxawoon.

[*] **4.4** ***serub yi,*** baatu ebrë la. Ay malaaka lañu yu bokk ak Yàlla jataay. Gaalu kóllëre gu sell ga, ñaari serub yu ñu tëgge wurus lañu teg ca kawam, ñu tiim ko, seeni laaf tàllalu, di saamandaay ngàngunem buur. Loolu di wone ne Yàlla Aji Sax jaa nga fa teew, na mu teewe ca kaw asamaan, serub ya yéew ko. Yàlla ci boppam nag kenn jëmmalu ko fa, na ñu jëmmale serub ya ñu tëgg.

4 Ca ëllëg sa, ñu teela xëyati, fekkuñu lu
moy jëmmu Dagon ja daanu ba dëféenu fa
suuf, fa kanam gaalu Aji Sax ji. Bopp baak
cati loxo ya damm, ne wesar ca dëwu bunt
ba, desul lu moy yaram wa.
5 Looloo waral ba tey jii, sarxalkati
Dagon yeek mboolem ñiy dugg kër tuur
ma ñuy wax Dagon ca Asdodd, kenn du ci
joggi ca dëwu bunt ba.
6 Ba mu ko defee loxol Aji Sax ji mujj diis
ca kaw waa Asdodd. Mu wàcce njàqare ca
seen kaw, daldi teg waa Asdodd ak la ko
wër ay taab.
7 Waa Asdodd gis la leen dal, daldi ne:
«Bu gaalu Yàllay bànni Israayil gii des ci
sunu biir kat, ndax loxoom dëgër na ci
sunu kaw, nook Dagon sunu tuur mi.»
8 Ba loolu amee ñu yónnee, woolu
mboolem kàngami waa Filisti. Ñu laaj leen
ne leen: «Nan lanuy def ak gaalu Yàllay
Israayil gii?» Ñu ne leen: «Toxalleen gaalu
Yàllay Israayil gi ca Gaat.» Ñu toxal gaalu
Yàllay Israayil ca seen dëkk ba ñuy wax
Gaat.
9 Naka lañu fa toxal gaal ga nag, loxol Aji
Sax ji dal dëkk ba, mu jur tiitaange ju réy
lool. Daa dal ca kaw dëkk ba, mag ak
ndaw, ay taab ne fureet ca seen kaw.
10 Ñu yóbbu gaalu Yàlla ga beneen dëkk
ba ñuy wax Ekkron. Gaal gaa ngay jubsi
Ekkron, waa dëkk ba gaaw yuuxoondoo
ne: «Indil nañu nu fi gaalu Yàllay Israayil,
bëgg noo rey, nook sunu waa réew mépp!»
11 Ci kaw loolu ñu yónnee, woolu
mboolem kàngami waa Filisti, ne leen:
«Jëleleen fi gaalu Yàllay Israayil gii, mu
dellu këram, lu ko moy dina nu rey, nook
sunu askan wépp.» Booba tiitaangey dee
dajal na dëkk ba bépp, ndax loxol Yàlla bu
diis lool ca seen kaw.
12 Ña ca deewul nag, seen yaram yàqooki
taab, yuux ya jollee ca dëkk ba, wuti
asamaan.

# 6

### *Filisteen ña delloo nañu gaalu Yàlla ga*

1 Gaalu Aji Sax ja nekk na réewum Filisti
juróom ñaari weer.
2 Waa Filisti doora woolu seeni
sarxalkat ak seeni gisaanekat, ne leen:
«Nan lanuy def ak gaalu Aji Sax ji?
Xamalleen nu nan lanu koy delloo këram!»
3 Ñu ne leen: «Su ngeen dee delloo gaalu
Yàllay Israayil, buleen ko delloo loxoy
neen, waaye fexeleen ba boole kook
saraxu peyug tooñ, yónnee ko. Kon
dingeen wér, te dingeen xam lu tax loxol
Yàlla ji teggikuwu leen.»
4 Waa Filisti ne leen: «Ban saraxu peyug
tooñ lanu koy yónnee?» Ñu ne leen: «Limu
kàngami Filisti ngeen di topp, daldi defarlu
juróomi taabi wurus ak juróomi janaxi
wurus, mu dëppook limu kàngami waa
Filisti, ndax benn balaa bi leen dal moo
dal seeni kàngam itam.
5 Noonu ngeen di sàkke ay jëmm yuy
jëmmal seeni taab ak jëmm yuy jëmmal
seen janax yiy yàq réew mi. Su ko defee
ngeen defale ko teraanga Yàllay Israayil.
Jombul mu woyofal loxoom ci seen kaw
ak seeni tuur ak seenum réew.
6 Ana lu jar ngeen di jaay dëgër bopp ni
waa Misraak Firawna? Ba leen Yàllay
Israayil toroxalee, bàyyi nañu bànni
Israayil, ñu dem seen yoon.
7 Kon waajalleen watiir bu bees te
ngeen jël ñaari nag yuy nàmpal yu ñu
masula takkal. Ngeen takkal nag yi watiir
bi te yóbbu doomi nag yi, fat.
8 Ngeen daldi jël gaalu Aji Sax ji, teg ko ci
kaw watiir bi. Liggéeyi wurus yu peyug
tooñ yooyu ngeen di yónnee nag, ci
waxande wu ndaw ngeen koy yeb, te teg
waxande wi ci wetu gaal gi. Su ko defee
ngeen yebal watiir bi, mu dem.
9 Nangeen ko xool. Su jubalee réewam,
wuti dëkk bi ñuy wax Bet Semes, kon Aji
Sax jee nu teg musiba mu réy mii, lu ko
moy nu xam ne du loxoom a nu dal,
waaye ndogal lu nu dikkal la.»
10 Waa Filisti def noona, daldi tànn ñaari
nag yuy nàmpal, takkal nag yi watiir,
doomi nag ya, ñu fat leen.
11 Ñu daldi teg gaalu Aji Sax ja ca kaw
watiir ba, ak waxande wu ndaw wa def
janaxi wurus yaak seen jëmmi taab ya.
12 Ba mu ko defee, nag ya jubal xocc
yoonu Bet Semes, topp wenn yoon wi
rekk, di nàññiy dem. Jàdduñu ndijoor,
jàdduñu càmmoñ. Kàngami Filisti ya topp

ca, ba fa Bet Semes tàmbalee.
13 Booba waa Bet Semes a ngay góob
bele ca xur wa. Naka lañu dawal seen bët,
séen gaal ga, daldi bég.
14 Watiir ba dikk ba ci toolu jenn waayu
Bet Semes ju ñuy wax Yesuwa, mu taxaw
fa. Aw doj wu mag a nga fa woon. Ci kaw
loolu ñu xar mattum watiir ba, nag ya, ñu
defal ko Aji Sax ji saraxu rendi-dóomal.
15 Fekk na Leween ña wàcce gaalu Aji
Sax ja, ak waxande wu ndaw wa def
liggéeyi wurus ya. Ñu teg lépp ca kaw doj
wu mag wa. Bésub keroog waa Bet Semes
def nañu ay saraxi rendi-dóomal ak
yeneen sarax, ñeel Aji Sax ji.
16 Juróomi kàngami Filisti ya gis loolu
lépp, doora dellu Ekkron ca bés ba.
17 Jëmmi taabi wurus yooyu waa Filisti
yónnee ngir saraxu peyug tooñ, ñeel Aji
Sax ji, ay teraanga la yu bawoo ci kilifay
dëkk yii: Asdodd, benn; Gasa, benn;
Askalon, benn; Gaat, benn; Ekkron, benn.
18 Limu janaxi wurus yi it dëppook limu
dëkki waa Filisti yi seen juróomi kàngam
jiite, dale ko ci dëkk yi tata wër, ba ci
dëkk-dëkkaan yi dara wërul, ba fi doj wu
mag wi ñu tegoon gaalu Aji Sax ji. Doj waa
nga ca toolub Yesuwa waa Bet Semes ba,
ba tey jii.
19 Terewul Yàlla mbugal ñenn ca waa Bet
Semes, ndax dañoo yërndu woon ca biir
gaalu Aji Sax ja. Juróom ñaar fukki nit la
fàdd ca ñoom*. Waa dëkk ba nag di tiislu
ndax mbugal mu réy moomu leen Aji Sax
ji teg.
20 Ci kaw loolu waa Bet Semes ne: «Ana
ku mana taxaw fi kanam Aji Sax ji, Yàlla ju
sell jii? Ci kan lanuy yóbbu gaal gi, ba mu
sore nu?»
21 Gannaaw gi, ñu yebal ay ndaw ca waa
Kiryaat Yarim, ne leen: «Waa Filisti de
delloosi nañu gaalu Aji Sax ji. Tee ngeena
dikk, yóbbu ko seen dëkk?»

# 7

1 Waa Kiryaat Yarim nag dikk, jëlsi gaalu
Aji Sax ji, yóbbu ko kër Abinadab ca kaw
tund wa. Ñu sellal Elasar, doomam ju góor,
ngir muy wattu gaalu Aji Sax ja.

## *Samiyel jiite na Israayil*

2 Gannaaw bés ba ñu yóbboo gaal ga
Kiryaat Yarim, mu nekk fa lu yàgg, ba am
fa ñaar fukki at. Waa kër Israayil gépp nag
namma dellu ci Aji Sax ji.
3 Samiyel wax ak waa kër Israayil gépp,
ne leen: «Ndegam seen léppi xol ngeen
namma delloo ci Aji Sax ji, jëleleen fi seen
biir tuuri doxandéem yi, ak tuur yi ñu
dippee Astàrt, te ngeen saxal seen xol ci
Aji Sax ji, jaamu ko moom doŋŋ. Su ko
defee mu xettali leen ci waa Filisti.»
4 Ba mu ko defee bànni Israayil génne
seen tuur yi ñu dippee Baal ak Astàrt,
sànni. Ñuy jaamu nag Aji Sax ji moom
doŋŋ.
5 Gannaaw loolu Samiyel ne leen:
«Wooleen Israayil gépp, ñu daje ca Mispa,
ma tinul leen Aji Sax ji.»
6 Ñu daje ca Mispa, tanq ndox, sotti fa
suuf, fa kanam Aji Sax ji. Ñu woor nag
bésub keroog, daldi wax foofa ne: «Noo
tooñ Aji Sax ji.» Ca Mispa la Samiyel
doone njiitu Israayil.
7 Ba Filisteen ña yégee ne bànni Israayil
daje na ca Mispa, kàngami waa Filisti ya
jóg, ngir songi leen. Bànni Israayil yég ko,
am tiitaange ca waa Filisti.
8 Bànni Israayil ne Samiyel: «Ngalla bu
nu noppee jooytul ci sunu Yàlla Aji Sax ji,
ndax mu wallu nu ci waa Filisti!»
9 Samiyel jël menn xar mu feragul, defal
ko lépp Aji Sax ji saraxu rendi-dóomal. Mu
jooytul Israayil ci Aji Sax ji, Aji Sax ji
nangul ko.
10 Naka la Samiyel di joxe saraxu
rendi-dóomal ba, waa Filisti di jegesi ngir
xareek bànni Israayil. Aji Sax ji dënoo
kàddu gu réy ca kaw waa Filisti bésub
keroog, fëlxe leen, ñu daanu fa kanam
bànni Israayil.
11 Bànni Israayil génne Mispa, dàqi waa
Filisti, duma leen, bay waaja àgg Bet Kar.
12 Gannaaw loolu Samiyel jël aw doj, teg
ko ci diggante Mispa ak fu ñuy wax Sen;
mu dippee doj wi Eben Eser (muy firi Doju
Wall). Mu ne: «Ba fii la nu Aji Sax ji
walloo.»

* **6.19** Ni ñu ko binde ci ebrë manees na koo dégge nii: *juróom ñaar fukki nit a dee ci juróom fukki junniy nit.*

13 Waa Filisti nag detteelu, dikkatuñu
biir suufas Israayil. Giiru dundu Samiyel
gépp loxol Aji Sax jaa ngi ci kaw waa
Filisti.
14 Dëkk ya Filisteen ña nangu woon ci
Israayil daldi délsi ci seeni loxo, dale ko ca
Ekkron ba Gaat. Israayil nangoo ci waa
Filisti suufam sépp. Waa Israayil ak
Amoreen ñi itam nekk ci jàmm.
15 Samiyel jiite Israayil giiru dundam
gépp.
16 At mu jotaan day wër diggante Betel
ak Gilgal ak Mispa, di àtte mbiri bànni
Israayil, foofu fépp.
17 Gannaaw loolu mu dellu Raama ndax
fa la këram nekkoon, fa la daan àttee
Israayil, te fa la tabax ab sarxalukaay, ñeel
Aji Sax ji.

## Israayil sàkku na buur

# 8

*(Saar 8.1-22)*

*Bànni Israayil ñaan na Samiyel ab buur*

1 Ba Samiyel màggatee, ay doomam yu
góor la fal njiiti Israayil.
2 Taaw ba Yowel la tuddoon, ka ca topp
di Abya. Ñoo doon njiit ya ca Beerseba.
3 Doomi Samiyel yu góor ya nag jaaruñu
ci seen tànki baay. Dañoo lajj, topp alal ju
lewul, di nangu ay ger, di jalgati dëgg.
4 Ci kaw loolu magi Israayil ñépp daje,
dem ca Samiyel ca Raama.
5 Ñu ne ko: «Góor gi, léegi danga di mag,
te say doom jaaruñu ci say tànk. Kon
danga nuy falal buur bu nu jiite, ni ko xeet
yépp baaxoo.»
6 Samiyel ñaawlu la ñu ko ne mu falal
leen buur bu leen jiite. Mu diis ko Aji Sax
ji.
7 Aji Sax ji ne ko: «Déggalal mbooloo mi
te def li ñu la wax lépp. Du yaw lañu bañ,
waaye man mii lañu bañ ma doonati seen
buur.
8 Na ñu daan def naka jekk, ba ma leen
génnee Misra ba tey jii, di ma dëddu, di
jaamu yeneen yàlla, noonu rekk lañuy def
ak yaw.
9 Kon déggal leen rekk, waaye artu leen
bu baax, xamal leen luy doon sañ-sañu
buur bu leen di jiiteji.»

*Lu jëm ci sañ-sañu buur*

10 Ba loolu amee Samiyel jottali
mbooloo ma doon sàkku mu falal leen
buur, mboolem artub Aji Sax ji.
11 Mu ne: «Buur bi leen di jiiteji nag
sañ-sañam moo di: Seeni doom yu góor lay
jël, ngir tabb leen dawalkati watiiram aki
fasam, ñuy daw jiitu watiiram.
12 Ñoom lay tabb ngir ñu doon njiiti
kuréeli junniy dag, mbaa njiiti kuréeli
juróom fukki dag. Ñoom it lay beyloo
toolam, di leen góobloo, di leen sàkkloo ay
gànnaayi xareem ak jumtukaayi watiiram.
13 Seen doom yu jigéen lay jël, def leen
ay njafaankati cuuraay, aki toggkat ak ñiy
lakki mburu.
14 Seen ngëneeli tool ak tóokëri reseñ ak
tooli oliw, mu jël, jox ay surgaam.
15 Seen pepp ak seen reseñ, fukkeel ba
lay jël, jox ay jawriñam aki surgaam.
16 Seen jaam yu góor it ak seen jaam yu
jigéen ak ñi ëpp doole ci seeni
waxambaane ak seeni mbaam, mu jël,
jëfandikoo ci liggéeyam.
17 Seeni gàtt, fukkeel ba lay jël, te yeen ci
seen bopp, ay surgaam ngeen di doon.
18 Bu keroogee dingeen ne wóoy ndax
buur bi ngeen falal seen bopp, te bu
keroogee Aji Sax ji du leen wallu.»
19 Mbooloo ma nag lànk, déggaluñu
Samiyel, xanaa ne ko: «Ndokk! Buur daal
lanuy am,
20 nun itam, ba mel ni xeet yépp. Sunu
buur a nuy yilif, dox, jiite nu, di nu xareel
sunuy xare.»
21 Samiyel déglu la mbooloo ma wax
lépp, ba noppi yegge ko Aji Sax ji.
22 Aji Sax ji ne ko: «Déggal leen rekk, te
falal leen buur.» Samiyel nag ne bànni
Israayil: «Baax na, demleen ñibbi, ku nekk
ca dëkkam.»

## Lii mooy jaar-jaari Sawul

# 9

*(Saar 9—15)*

*Sawul doxi na yónnent*

1 Jenn waay la woon ju bokk ci giirug
Beñamin, ñu di ko wax Kis. Abyel ay
baayam; Abyel, Ceror ay baayam; Ceror,
Bekorat ay baayam; Bekorat, Afya

Beñamineen ba di baayam. Kis ku am
daraja la woon.
2 Mu am doom ju ñuy wax Sawul*;
xalelu góor bu góorayiw, ba kenn dàqu ko ci
bànni Israayil, sut ñépp taxawaay.
3 Mu am bés mbaam yu jigéen yu Kis,
baayu Sawul, réer. Kis ne Sawul: «Àndal ak
kenn ci surga yi, nga seetali ma mbaam
yi.»
4 Ba loolu amee Sawul ak surgaam jaare
tundi Efrayim, teg ca diiwaanu Salisa,
gisuñu leen. Ñu jàll ba ca diiwaanu
Saalim, dara. Ñu walbatiku jaaraat
diiwaanu Beñamin, gisuñu leen.
5 Ba ñu àggee diiwaanu Cuuf, Sawul ne
surgaam ba mu àndal: «Ayca nu ñibbi, lu ko
moy nun la sama baay di xalaat, fàtte
mbaam yi.»
6 Surga ba ne ko: «Xanaa lenn; genn
góoru Yàllaa ngi ci dëkk bii, ku ñu naw la.
Lépp lu mu wax, dara du ci fanaan àll. Nan
fa dem kay, jombul mu xamal nu dara ci
sunu yoon wi.»
7 Sawul ne surgaam: «Waaw, bu nu
demee, lu nuy jox góor gi? Mburu mi
woon ci sunuy mbuus jeex na, amunu
dara lu nu yóbbul góoru Yàlla gi. Leneen lu
nu am?»
8 Surga bi dellu ne Sawul: «Xanaa dogu
xaalis sii ma yor. Naa ko ko jox boog, mu
won nu sunuw yoon!»
9 Bu njëkkoon nag ci Israayil ku daan
leerluji ci Yàlla da naan: «Nan dem ca
boroom gis ba,» ndax ku ñuy woowe
yonent tey, booba, boroom gis lañu ko
daan woowe.
10 Ci kaw loolu Sawul ne surgaam: «Wax
nga dëgg. Kon nan dem.» Ñu jubal ca dëkk
ba góoru Yàlla ga nekk.
11 Naka lañu yéeg tund wa, jëm ca dëkk
ba, daldi taseek janq ju ca jóge, di rooti. Ñu
laaj leen ne leen: «Boroom gis bi ndax fii la
nekk?»
12 Ñu ne leen: «Waaw, mu ngi fii ngeen
jublu, waaye gaawleen de; ndax tey jii la
dikk ci dëkk bi, ngir sarax su waa dëkk bi
xewle tey ca bérebu jaamookaay ba.
13 Bu ngeen di àgg biir dëkk bi rekk, dal
ko fay fekk, bala moo dem jaamookaay ba,
ca sarax sa. Waa dëkk bi duñu lekk mukk
te dikkul, ndax mooy ñaan ci sarax si. Bu
noppee, ñi ñu woo doora lekk. Kon
demleen gaaw, ndax nëgëni fa ngeen koy
fekk.»

### *Sawul gis na Samiyel*

14 Ba loolu amee ñu dem bay dugg ca
biir dëkk ba, yem ca Samiyel, muy dikk,
dajeek ñoom, jëm ca jaamookaay ba.
15 Fekk na balaa Sawul di ñëw, Aji Sax ji
déey na Samiyel bés ba jiitu, ne ko:
16 «Nëgëni ëllëg maa ngi lay yónnee waa
ju dëkk diiwaanu Beñamin. Nanga ko diw,
fal ko, ngir mu yilif Israayil, sama ñoñ, ba
xettali sama ñoñ ci waa Filisti. Maa geesu
sama ñoñ, ndax seeni yuux àgg na fi man.»
17 Naka la Samiyel séen Sawul, Aji Sax ji
wax ko, ne ko: «Waa jii laa la wax. Kii
mooy yor sama ñoñ.»
18 Sawul dikk ba ca Samiyel, fa tollook
buntu dëkk ba, ne ko: «Góor gi, baal ma,
tegtal ma kër boroom gis bi.»
19 Samiyel ne Sawul: «Man maay
boroom gis bi. Doxal jiitu, nu dem ca
jaamookaay ba. Yeen ak man ay bokk lekk
tey. Bu subaa mboolem li ub sa bopp,
dinaa la ko wax, door laa yiwi.
20 Mbaam yi nga réerle bërki-démb, bu ci
am benn xalaat, ndax feeñ nañu. Te sax,
mboolem lu bakkane ci Israayil, xanaa du
yaay boroom, yaak sa waa kër baay?»
21 Sawul ne ko: «Xanaa du man
Beñamineen bi gëna néewle giir ci Israayil,
sama làng gëna néew ci mboolem làng yi
séq giirug Beñamin? Lii nga may wax, lu
mu doon?»
22 Samiyel daldi ànd ak Sawul ak
surgaam, yóbbu leen ba ca biir néegu
bernde ja. Mu beral leen nag jataay ca
kanam mbooloo ma ñu woo, te ñu wara
tollu ci fanweer.
23 Samiyel ne toggkat ba: «Indil ma
ndawal li ma la joxoon te noon la, nga ber
ko.»
24 Toggkat bi yékkati tànk baak la mu
àndal, teg ko ca kanam Sawul. Samiyel ne
ko: «Lii, lañu beroon, tegal sa kanam, te
lekk. Moom lañu la dencal ci ndaje mii ma
woo askan wi.» Noonu la Sawul bokke ak
Samiyel lekk bésub keroog.

* **9.2** ***Sawul:*** am na ñu ko gëna xam ci turu Talut.

25 Gannaaw loolu ñu jóge ca jaamookaay
ba, dellu ca dëkk ba. Ba ñu demee kër ga,
Samiyel diisook Sawul ca kaw taax ma.

### *Samiyel diw na Sawul, fal ko*

26 Ba ñu jógee ca ëllëg sa, bët a ngay
waaja set. Samiyel woo Sawul ca kaw taax
ma, ne ko: «Fabul, ma yiwi la.» Sawul fabu,
ànd ak Samiyel, ñu génn ñoom ñaar.
27 Naka lañu dem bay bëgga génn dëkk
ba, Samiyel ne Sawul: «Neel surga bi, mu
jiitu nu.» Mu wax ko surga ba, mu jiitu
leen. Samiyel neeti Sawul: «Yaw, taxawal
fii tuuti, ma dégtal la kàddug Yàlla.»

## 10

1 Ba loolu amee Samiyel jël njaqal diwu
oliw lu ndaw, sotti ko ci kaw boppu Sawul,
fóon ko, ne ko: «Aji Sax ji diw na la déy,
ngir fal la njiitu ñoñam.
2 Gannaaw boo teqalikook man, dinga
dajeek ñaari góor ca wetu bàmmeelu Rasel
ca Celca ca diiwaanu Beñamin. Dinañu la
wax ne la mbaam ya nga seeti woon feeñ
nañu. Te sax sa baay xalaatatul mbaam yi,
yeena ko jaaxal. Ma nga naan: “Ana nu
may def ak sama doom ji?”
3 Boo fa jógee, jubalal ba jot garab gu
mag ga ca Tabor. Ñetti góor dinañu fa
dajeek yaw, di màggali Yàlla ca Betel; kenn
ka gàddu ñetti tef, keneen ka ŋàbb ñetti
kàmpi mburu, ka ca des yor mbuusum
biiñ.
4 Dinañu la nuyu, may la ñaari mburu;
nga nangoo ko ca seeni loxo.
5 Bu loolu weesoo nanga dem ba ca
Gibeya Eloyim, fa dalub xarekati Filisti ya
nekk. Booy jub dëkk ba, dinga dajeek
kuréelu yonent yu jóge ca bérebu
jaamookaay ba, aw nit jiitoo leen powum
tabalaaki toxoro, ak ñaari xeeti xalam,
yonent ya di daanu leer.
6 Su ko defee leerug Aji Sax jee naa milib
ci sa kaw, ngay bokk ak ñoom di daanu
leer, soppiku, doon keneen nit.
7 Bu la firnde yooyu dikkalee rekk,
xamal ne Yàllaa ngi ànd ak yaw. Su
boobaa, lu bés bi laaj, def ko.
8 Léegi doxal jiitu ma Gilgal. Maa ngi
noonu di la fekksi, ngir rendi fa saraxi
rendi-dóomal, sarxe fa saraxi cant ci biir
jàmm. Juróom ñaari fan nag ngay négandiku,
ba ma fekksi la fa, xamal la looy def.»

### *Leerug Yàlla gane na Sawul*

9 Naka la Sawul bàyyikoo ca Samiyel,
walbatiku, Yàlla daldi soppi xelam. Firnde
yooyu yépp nag matandoo ca bés ba.
10 Ba Sawul ak surgaam àggee Gibeya,
kuréelu yonent yaa ne pemm, dajeek
moom. Leerug Yàlla dikk ne milib ca kaw
Sawul, ñu bokk di daanu leer.
11 Ci kaw loolu mboolem ña xamoon
Sawul démb ak bërki-démb, daldi yem ci
moom, mu bokk ak yonent ya di daanu
leer. Nit ña naan ca seen biir: «Waaw,
Sawul doomu Kis jii, lu ko jot nii? Sawul it
ci yonent yi laa?»
12 Jenn waay ju fa dëkk ne: «Yii yonent
sax, kan moo jiite seen yoon?» Ca lañu
jóge, def ko waxin naan: «Ndax Sawul it ci
yonent yi la?»
13 Sawul noppee daanu leer, dem ca
bérebu jaamookaay ba.
14 Ci kaw loolu baayu Sawul bu ndaw
laaj Sawul ak surgaam, ne leen: «Fu ngeen
demoon?» Sawul ne ko: «Mbaam yi lanu
seeti woon, gisunu dara, nu dem ca
Samiyel.»
15 Baayam bu ndaw ne ko: «Wax ma
boog lu leen Samiyel wax.»
16 Sawul ne ko: «Samiyel da noo biralal
ne mbaam ya feeñ na.» Mbirum nguur
ma ko Samiyel wax nag, Sawul waxu ko
baayam bu ndaw.

### *Yàlla feddali na palug Sawul*

17 Gannaaw loolu Samiyel woolu
askanu Israayil ca Aji Sax ji ca Mispa.
18 Mu wax bànni Israayil, ne leen: «Aji
Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne: “Man
maa génne Israayil Misra. Maa leen xettali
ca waa Misra ak mboolem buur ya leen
nootoon.
19 Waaye tey yeena dëddu seen Yàlla ji
leen musal ci mboolem seeni loraange ak
seeni njàqare. Yeena ko ne: ‘Falal buur ci
sunu kaw daal!’ Léegi nag taxawleen fi
kanam Aji Sax ji, giir ak giir, làng ak làng.”»
20 Ba Samiyel woowee giiri Israayil
yépp, ñu dikk, giirug Beñamin moo génn.

21 Mu woo giirug Beñamin, làng ak làng,
làngu Matiri génn, Sawul doomu Kis génne
ca. Ñu seet Sawul, gisuñu ko.
22 Ñu laajaat Aji Sax ji, ne ko: «Ndax
keneen da fee ñëw?» Aji Sax ji ne: «Mu ngi
nii, mu ngi làqu ci biir denc bi.»
23 Ñu daw jële Sawul foofa, mu taxaw ca
biir mbooloo ma, sut ñépp.
24 Samiyel wax ak mbooloo mépp, ne
leen: «Yeena gis ki Aji Sax ji tànn? Kenn
melul ni moom ci mbooloo mi mépp.»
Mbooloo ma mépp àddu ca kaw ne: «Buur,
guddaluw fan!»
25 Samiyel nag xamal mbooloo ma
sañ-sañu buur. Mu bind ko cib téere, teg ca
kanam Aji Sax ji. Ba mu ko defee Samiyel
yiwi mbooloo mépp, ku nekk ñibbi këram.
26 Sawul itam ñibbi këram ca Gibeya,
jàmbaari góor yi ci Yàlla xiir, ànd ak moom.
27 Terewul mu am ay nit ñu tekkiwul
dara di wax, naan: «Ana nan lanu waa jii
di xettalee?» Ñooñu sewal ko, yótuñu ko
jenn teraanga. Sawul nag ne cell.

# 11

*Sawul jéngu na*

1 Naxas Amoneen ba moo dikkoon, gaw
dëkk ba ñu naan Yabes ca Galàdd. Waa
Yabes gépp wax ak moom, ne ko: «Ngalla
digool ak nun jàmm, te nu nangul la.»
2 Naxas Amoneen ba ne leen: «Ni may
digook yeen daal, mooy nii: luqi seen bëtu
ndijoor yeen ñépp, ba Israayil gépp torox.»
3 Magi Yabes ne ko: «May nu juróom
ñaari fan, nu yebal ay ndaw ci Israayil
gépp. Su amul kenn ku nu wallu, nu dikk,
fekksi leen.»
4 Ba ndaw ya dikkee Gibeya ga Sawul
dëkk, ba xamle mbir ma, waa dëkk ba di
dégg, ñoom ñépp a yuuxu, di jooy.
5 Ci biir loolu Sawul ne tëll, jiital ay
nagam, jóge tool ya. Mu ne: «Lu nit ñi
xewle bay jooy nii?» Ñu nettali ko kàdduy
waa Yabes.
6 Naka la Sawul dégg kàddu yooyu,
leerug Yàlla dikk ne milib ca kawam, mer
ma ne jippét tàkk.
7 Mu rey ñaari nag, dog ko, yóbbante ko
ay ndaw, yónnee ko Israayil gépp. Mu ne
leen: «Képp ku toppul Sawul ak Samiyel,
nii lees di def ay nagam.» Ba loolu amee
tiitaange ju sababoo ci Aji Sax ji dal ca kaw
askan wa, ñu sàqeendoo, di benn bopp.
8 Ba Sawul nemmikoo limu góori
Israayil ca Beseg, ñetti téeméeri junni lañu
(300 000), waa Yuda di fanweeri junni
(30 000).
9 Ñu wax nag ndaw ya jóge Yabes Galàdd,
ñu jottali seen waa dëkk ba ne leen, ca
ëllëg sa bu jant bi tàngee, dees na leen
wallu. Ndaw ya dem, àgge ko waa Yabes,
waa Yabes bég.
10 Ñu wax Amoneen ña, ne leen: «Ëllëg
dinanu dikk, fekksi leen.»
11 Ca ëllëg sa Sawul séddale gàngooru
xareem ñetti kuréel. Ba ñu tolloo ci wattub
njël, ñu dugg biir dalu Amoneen ña, di
leen duma ba jant bi tàng. Ña ca rëcce
daldi tasaaroo ba ñaar sax àndatuñu.
12 Mbooloo ma ne Samiyel: «Ana ku
noon: “Ndax Sawul ay falu ci sunu kaw?”
Indileen ñooñu, nu rey leen!»
13 Sawul ne leen: «Deesul rey kenn kay
bésub tey jii, ndax bésub tey Aji Sax jee indi
wall fi Israayil.»
14 Ci kaw loolu Samiyel ne mbooloo ma:
«Ñëwleen nu dem Gilgal, ba feddali pal gi.»
15 Mbooloo ma mépp dem Gilgal, ñu fal
Sawul buur foofa, fa kanam Aji Sax ji ca
Gilgal*. Ñu sarxe fa saraxi cant ci biir
jàmm fa kanam Aji Sax ji, Sawul ak bànni
Israayil gépp bànneexoo fa bànneex bu réy.

# 12

*Samiyel matal na liggéeyam*

1 Ba loolu weesoo Samiyel wax Israayil
gépp ne leen: «Mu ngoog, nangul naa leen
li ngeen ma wax lépp, ba falal leen buur.
2 Léegi Buur a ngii jiite leen. Man nag
màggat naa ba weex tàll, te samay doom a
ngii ci seen biir. Maa leen jiite, ba may
ndaw ba tey jii.
3 Maa ngii! Seedeleen sama jépp tuuma
fi kanam Aji Sax ji ak ki mu fal. Ana ku ma
masa jël nagam, mbaa ma jël mbaamam?

* **11.15** Li tax ñu ne *fa kanam Aji Sax ji* mooy Gilgal dafa amoon bérebu jaamookaayu Aji Sax ji.

Ana ku ma masa lekk àqam, mbaa ma néewal ko doole? Ana ci kan laa masa nangoo alalu ger, ba nëpp-nëppal lu mu def. Lu ci am rekk, waxleen, ma fey ko.»
4 Ñu ne ko: «Lekkoo sunu àq, néewaloo nu doole. Masoo nangu lenn itam ci loxol kenn.»
5 Samiyel ne leen: «Kon Aji Sax ji seede na ci seen biir, ki mu fal it seede tey jii, ne gisuleen lenn ci sama loxo.» Ñu ne ko: «Aji Sax ji seede na ko!»

6 Samiyel ne mbooloo ma: «Aji Sax ji moo tabb Musaa ak Aaróona, ba génne seeni maam réewum Misra.
7 Kon nag taxawleen, ma layook yeen fi kanam Aji Sax ji, ci mboolem lu jekk lu leen Aji Sax ji defal, yeen ak seeni maam.

8 «Gannaaw jamono ja Yanqóoba demee Misra, seeni maam a yuuxu, woo Aji Sax ji wall, Aji Sax ji yebal Musaak Aaróona, ñu génne seeni maam Misra, dëël leen béreb bii.
9 Seeni maam nag ñoo fàtte seen Yàlla Aji Sax ji, ba tax mu teg leen ca loxol Sisera njiitu xareb dëkk ba ñuy wax Àccor, ak ca loxol waa Filisti, ak ca loxol buuru Mowab, ñooña doon xareek ñoom.
10 Seeni maam jooy ko Aji Sax ji, ne: "Bàkkaar nanu de, ndax noo wacc Aji Sax ji, di jaamu tuur yi ñu naan Baal ak Astàrt. Waaye rikk xettali nook sunuy noon, nu jaamu la."
11 Aji Sax ji yebal Yerubaal*, teg ca Bedan†, teg ca Yefte, teg ma ca, man Samiyel, daldi leen xettali ci seen noon yi leen séq, ba ngeen dëkke jàmm.
12 Waaye ba ngeen gisee Naxas, buurub Amoneen ña jëm ca seen kaw, yeena ma ne: "Buur bu nu jiite daal lanu bëgg." Te fekk Aji Sax ji seen Yàlla di seen buur.
13 Léegi nag buur bi ngeen tànn, di ko sàkku, mu ngi nii. Mu ngoog, Aji Sax ji fal na buur bu leen jiite.
14 Su ngeen ragalee Aji Sax ji, jaamu ko, déggal ko, baña gàntal ndigalam, yeen ak seen buur yépp ay topp seen Yàlla Aji Sax ji.
15 Waaye kat, su ngeen bañee déggal Aji Sax ji, di gàntal ay ndigalam, loxoom dina dal ci seen kaw, na mu dale woon ca seen kaw maam ya.
16 «Léegi nag taxawleen ba gis jaloore ju réy jii Aji Sax jiy def, ngeen teg ci bët.
17 Du nu ngi ci ngóobum bele tey? Dinaa ñaan ci Aji Sax ji, mu dënu, taw‡. Su boobaa dingeen xam xéll ne ba ngeen sàkkoo buur, lu bona bon ngeen def, Aji Sax ji seede.»
18 Ci kaw loolu Samiyel ñaan ci Aji Sax ji, Aji Sax ji dënu, taw ca bés ba. Mbooloo ma mépp nag ragal lool Aji Sax ji ak Samiyel.
19 Ba loolu wéyee mbooloo ma mépp ne Samiyel: «Ngalla sang bi, ñaanal nu ci sa Yàlla Aji Sax ji, nu baña dee, ndax la nu bàkkaaroon lépp, yokkati nanu ci mbon gu tollu ni di sàkku buur.»
20 Samiyel ne mbooloo ma: «Buleen tiit; dëgg la, yeena def googu mbon gépp, waaye fexeleen rekk ba baña dëddu Aji Sax ji, te ngeen jaamoo Aji Sax ji seen léppi xol.
21 Buleen dëddu mukk, ndax su boobaa topp ay tuur, ag neen la; lu dul jariñe, du xettalee, neenug neen la.
22 Aji Sax ji moom turam wu màgg wi tax na du wacc ñoñam, ndax Aji Sax ji la soob, mu def leen ñoñam.
23 Man nag, jomb naa tooñ Aji Sax ji, ci di leen noppee ñaanal. Te it dinaa leen won yoon wi baax te jub.
24 Ngalla fexeleen rekk ba ragal Aji Sax ji, te ngeen dëggu ci jaamoo ko seen léppi xol, ndax dangeen di xool ci jaloore yu yéeme yi mu leen defal.
25 Waaye su ngeen saxee ci def lu bon, yeen ak seen buur ay bokk sànku.»

# 13

*Sawul tooñ na*
1 Sawul ci boppam làqoon na ay at, ba muy falu buur; mu falu jiite Israayil ñaari at*.
2 Ci kaw loolu mu tànn ñetti junniy nit ci Israayil; ñaari junniy nit ñuy nekk ak moom ca Migmas ak ca tundi Betel, ak junniy nit ñu nekk ak doomam Yonatan ca

---
* **12.11** ***Yerubaal*** mooy Sedeyoŋ ba tey. Seetal ci *Njiit ya* saar 6–8. † **12.11** ***Bedan:*** am na ñu jàpp ne mooy Barag. Seetal ci *Njiit ya* saar 4. ‡ **12.17** Xam nanu ne du faral di taw ci jamonoy ngóob. * **13.1** Sawul falu na ñaari at bala ñoo tànn Daawuda mi koy wuutu. Seetal ci 16.13; *Jëf ya* 13.21.

dëkk ba ñuy wax Gibeya gu Beñamineen ñi.
Ña ca des mu yiwi leen, ñu ñibbi seeni
xayma.
3 Yonatan nag song dalub Filisteen ña ca
Geba. Waa Filisti yég ko. Ba mu ko defee
Sawul wallu bufta ba, di liit gu ñu defare
béjjénu kuuy, ca réew ma mépp, ne: «Na ko
Ebrë yi dégg!»
4 Ñu yégal Israayil gépp la xew ne leen:
«Sawul song na dalub waa Filisti, ba tax
waa Filisti jéppi bànni Israayil.» Gàngoor ga
daldi daje, topp ca gannaaw Sawul ca
Gilgal.
5 Ci biir loolu waa Filisti daje ngir
xareek Israayil. Ña ngaak ñetti junniy
(3 000)† watiiri xare ak juróom benni
junniy (6 000) gawar, xarekat ya bare, mel
ni feppi suufas géej. Ñu dem dali ca
Migmas, ca penkub Bet Awen.
6 Niti Israayil nag gis diggante bu metti
bi ñu tollu ndax na ñu tance seen gàngoor
ga. Ñu dem làquji ci ay xunt ak ay dédd ak
ay doj aki seyaan aki kàmb.
7 Am na sax ay Ebrë yu jàll dexu Yurdan,
wuti réewum Gàdd ak Galàdd. Fekk na
Sawul a nga ca Gilgal ba tey. Mbooloom
xareem ma mépp nekk faak moom, di
pat-pati ndax tiitaange.
8 Mu négandiku juróom ñaari fan, diir ba
ko Samiyel àppaloon. Waaye taxul Samiyel
agsi Gilgal. Mbooloo ma tàmbalee dëddu
Sawul, di tasaaroo.
9 Ba loolu amee Sawul ne: «Indilleen ma
saraxu rendi-dóomal bi, ak saraxu cantu
biir jàmm bi.» Ñu indil ko ko, mu daldi def
saraxu rendi-dóomal bi.
10 Naka la def saraxu rendi-dóomal bi ba
sottal rekk, Samiyel ne jaas. Sawul génn
gatandu ko, ngir nuyu ko.
11 Samiyel ne ko: «Loo def nii?» Sawul
ne ko: «Man kat damaa gis mbooloo mi
dëddu ma, di tasaaroo, te yaw it dikkoo
bésu àpp bi‡. Rax ci dolli waa Filistee nga
daje ca Migmas.
12 Ma noon, waa Filisti dinañu ma
songsi Gilgal, te sàkkooguma ndimbalu Aji
Sax ji. Looloo ma taxa sàcc sama bopp
rekk, ba def saraxu rendi-dóomal bi.»
13 Samiyel ne Sawul: «Ag ndof nga def,
ndax jëfewuloo santaane bi la sa Yàlla Aji
Sax ji santoon. Soo ko defoon, Aji Sax ji
doon na saxal sa nguur ci kaw Israayil ba
fàww.
14 Léegi nag sa nguur du wéy; Aji Sax ji
wër na ki xolam jubool, fal ko njiitu ñoñam
yi, ndax yaa sàmmul li Aji Sax ji santaane.»
15 Ba mu ko defee Samiyel bàyyikoo
Gilgal, dem Gibeya gu Beñamineen ñi.
Sawul nag waññ ñi mu àndal, ñu tollu ci
juróom benni téeméeri (600) góor.

### *Yonatan def na njàmbaar*

16 Sawul ak doomam Yonatan, ak
gàngoor ga ànd ak ñoom ña nga dal ca dëkk
ba ñuy wax Geba ga ca Beñamin, waa
Filisti dal ca Migmas.
17 Ci biir loolu gàngooru yàqkat def ñetti
kuréel, jóge ca dalub waa Filisti. Genn ga
jubal bëj-gànnaar, aw yoonu Ofra ca
diiwaanu Suwal,
18 ñaareel ga jubal sowu ca Bet Oron,
ñetteel ga jëm penku ca tund ya tiim xuru
Ceboyim, fa féeteek màndiŋ ma.
19 Booba nag benn tëgg amul woon ca
réewum Israayil ba mu daj, ndax waa
Filisti dañu noon: «Bu Ebrë yi sàkk ay
saamar aki xeej.»
20 Moo tax bànni Israayil gépp, ku ci
bëggoona nàmmlu sa ngajju mbaa sa daba,
mbaa sa sémmiñ, mbaa sa sawta, doo man
lu moy dem ca tëggi waa Filisti.
21 Ku ci nekk, saa yu sa ngajju dayee,
mbaa sa daba, ñaari ñetteelu siikal nga koy
daasloo, njëg gu jafe, tollook ñaari ñetteelu
dogu xaalis. Boo dee daaslu ab roq mbaa
sémmiñ, mbaa ngay jubbantilu catal ràbbu,
genn-wàllam ngay fey.
22 Looloo tax keroog bésub xare ba, du
benn xarekat bu ànd ak Sawul ak Yonatan,
te yor saamar mbaa xeej ci loxoom.
Mennum Sawul rekk a ci amoon, mook
doomam Yonatan.
23 Ci biir loolu ab kuréelu xarekati waa
Filisti dem, taxawi ca jàllukaayu Migmas
ba.

## 14

### *Yonatan song na Filisteen ñi*

† **13.5** ***3 000*** mooy lim bi ñu siiwal ni ñu ko tekkee ci làkku gereg ak yeneen làkk. ‡ **13.11** ***bésu àpp bi:*** seetal ci 10.8.

1 Ci fan yooyu Yonatan doomu Sawul
wax surga ba koy gàddul ngànnaayam, ne
ko: «Kaay nu dem ba ca gàngooru Filisti ga
ca wàlla.» Baayam nag, waxu ko ci dara.
2 Fekk na baayam a nga dal fa Gibeya
yem, ca ker garabu gërënaat ga ca Migron.
Mbooloo ma ànd ak moom tollu ci juróom
benni téeméeri (600) góor.
3 Axya ma nga fa woon, sol xar-sànnim
sarxalkat. Axya mooy doomu Axitub mi
bokk ak Ikabot baay te seen baay di
Fineyas; Fineyas moomu, Eli, sarxalkatu
Aji Sax ja ca Silo, mooy baayam. Mbooloo
ma nag yéguñu ne Yonatan dem na.
4 Poot ba Yonatan jaare, wuti dalub waa
Filisti, ñaari doj yu mag a sampe woon, séq
ko. Ñu dippee wenn doj wa Bocecc,
weneen wa di Sene.
5 Wenn doj waa nga sampe wetu
bëj-gànnaar, janook Migmas, wa ca des
sampe wetu bëj-saalum, janook Geba*.
6 Yonatan ne gàddukatu gànnaayam: «Ayca
nu dem ba ca dalub yéefar yee. Jombul Aji
Sax ji defal nu yiw, ndax dara du tee Aji
Sax ji maye ndam, nu bareek nu néew.»
7 Ba loolu amee gàddukatu gànnaayam ne
ko: «Ayca, loo namm rekk, sang bi, yaw laa
àndal ba jeex tàkk.»
8 Yonatan ne ko: «Ayca nu dem ba ca
ñoom, feeñu leen.
9 Bu ñu nu nee: “Taxawleen foofu, ba nu
fekksi leen,” nu yem fa, bañ leena fekki.
10 Waaye bu ñu nee: “Ayca, dikkleen,”
nu daldi dem te xam ne Aji Sax jee leen teg
ci sunu loxo. Nan def loolu ab takk.»
11 Ba loolu amee ñu feeñuji dalub waa
Filisti, ñoom ñaar ñépp. Waa Filistee nga
naan: «Xoolleen! Ay Ebraa ngay génne pax
ya ñu làqu woon.»
12 Ci kaw loolu waa dal ba ne Yonatan
ak gàddukatu gànnaayam: «Ée, dikkleen
rekk, nu xamal leen lu tuut.» Yonatan ne
gàddukatu gànnaayam: «Dikkal, topp ci man.
Aji Sax ji teg na leen ci loxol Israayil.»
13 Yonatan ñalgu ca kaw tund wa,
gàddukatu gànnaayam topp ko. Yonatan a
ngay jam, waa Filisti di daanu, gàddukatu
gànnaayam ba di leen jekkali ca
gannaawam.

* **14.5 *Geba:*** seetal ci 13.3.

14 Cong mu njëkk mooma Yonatan song,
mook gàddukatu gànnaayam, lu tollook ñaar
fukki góor lañu ca tëral ci dénd bu wara
tollook xëyu nag.
15 Ci kaw loolu tiitaange dajal dal baak
àll ba ko wër, ak mbooloo ma mépp; muy
dal ba, di kuréeli yàqkat ya. Rax ca dolli
suuf sa yëngu, muy tiitaange ju Yàlla wàcce.
16 Fekk na ay wattukati Sawul a nga
tollu ca Gibeya gu Beñamineen ñi. Ñu
jekki-jekki séen gàngooru Filisti gay
raj-rajloo, fu ne ñu jëm fa.
17 Sawul ne ña ànd ak moom: «Wooteleen,
ba xam ku jóge ci nun.» Ñu woote,
Yonatan ak gàddukatu gànnaayam wuute.
18 Sawul ne Axya sarxalkat ba: «Indil
gaalu Yàlla gi.» Bésub keroog gaalu Yàlla
gaa ngaak bànni Israayil.
19 Naka la Sawul di wax ak sarxalkat bi,
coow la ca dalub waa Filisti gëna jolli.
Sawul ne sarxalkat bi: «Ah, bàyyi ko sax.»
20 Ba mu ko defee Sawul ak gàngooram
gépp daje, dem ca xare ba. Gisuñu lu dul
waa Filisti ñu naa kër-kër, ne këpp, di
jamante seeni saamar.
21 Ci biir loolu Ebrë yi nangul woon waa
Filisti démb ak bërki-démb te nekkandook
ñoom ca dal baak fa ko wër fépp sax, ne
waññet, faraat ak seen bokki bànni
Israayil ya ànd ak Sawul ak Yonatan.
22 Mboolem bànni Israayil ya làqu woon
ca tundi Efrayim dégg ne waa Filisti daw
nañu. Ñoom it ne leen dann ca xare ba.
23 Noonu la Aji Sax ji maye Israayil
ndam bésub keroog, xare bay law, ba ca
wàlla Bet Awen.

## *Sawul wax na lu ëpp*

24 Bésub keroog mbooloom Israayil jàq
nañu, ndax ngiñ lu Sawul teg ci seen kaw,
ne: «Képp ku lekk fii ba ngoon te
feyooguma ci samay noon, yal na alku.»
Mbooloo ma mépp, kenn sexu ca dugub.
25 Ci kaw loolu waa réew ma mépp dem
ba ca gott ba. Fekk na ag lem a nga fa ca
suuf.
26 Ba mbooloo ma duggee ca biir gott ba,
yemuñu ca lu moy lem jay xelli, waaye
kenn sàkku ci, jëme ci gémmiñam, ndax
ragal ngiñ la.

27 Yonatan nag yégul woon ngiñal
baayam la mu teg mbooloo ma. Mu tàllal
yet wa ca loxoom, capp cat la ca lem ja,
sex, bët ya daldi leer.
28 Kenn ca mbooloo ma ne ko: «Aa! Ngiñ
lii de, sa baay giñoon na ko ci kaw
mbooloo mi, ne: “Képp ku lekk tey, yal na
alku,” moo tax mbooloo mi néew doole.»
29 Yonatan ne: «Sama baay de yàqal na
mbooloo mi. Xoolleen rekk ni samay bët
leere ndax lem sii ma ñam!
30 Astamaak bu mbooloo mi lekkoon tey
ci lël ja ñu nangoo ci noon yi! Du ci la jéllu
waa Filisti doon gëna réy a waay?»
31 Bésub keroog bànni Israayil a dumaa
waa Filisti ca Migmas ba ca Ayalon. Bànni
Israayil sonn lool nag.
32 Ba loolu amee ñu sëxëtoo lël ja, jël ca
gàtt yaak nag ya ba ca wëllu ya, tër ca suuf,
boole yàpp waak deret ja, lekk.
33 Ñu yegge ko Sawul, ne ko: «Mbooloo
ma kat a nga nee, di moy Aji Sax ji, di lekk
yàpp wu ànd ak deretam.» Sawul ne:
«Yeenaka fecci kóllëre! Béraŋalleen ma fii aw
doj wu mag léegi.»
34 Gannaaw loolu mu joxe leneen
ndigal, ne: «Tasaarooleen ci biir mbooloo
mi, ne leen ñu indi fii ñoom ñépp seeni nag
ak seeni gàtt. Fii lañuy rendee jur gi, door
koo lekk. Su ko defee duñu moy Aji Sax ji,
di lekk yàpp wu ànd ak deretam.»
Mbooloo mépp daldi dikk guddig keroog,
ku nekk ak aw nagam. Ñu rendi foofa.
35 Sawul daldi fay tabax ab sarxalukaay,
ñeel Aji Sax ji. Boobu sarxalukaay la
njëkka tabax ñeel Aji Sax ji.

### *Bànni Israayil jot na Yonatan*

36 Ba loolu amee Sawul ne: «Nan toppi
waa Filisti ci guddi gi, nu sëxëtoo seen alal
ba bët set, te bunu ci bàyyi kenn, mu
dund.» Mbooloo ma ne ko: «Loo bëgg rekk,
defal!» Sarxalkat ba nag ne ko: «Nanu ko
njëkka diis Yàlla fii.»
37 Sawul laaj Yàlla ne ko: «Ndax ma topp
waa Filisti? Ndax dinga leen teg ci loxol
Israayil?» Bésub keroog nag Yàlla
tontuwul.
38 Sawul ne: «Yeen njiiti mbooloo mi
yépp, dikkleen fii, nu seet ba gis bàkkaarub
tey jii, lu mu doon.
39 Ndax giñ naa ci Aji Sax jiy dund,
wallukatub Israayil, bu doon sax lu sama
doom Yonatan ci boppam def, dee rekk ay
àtteem.» Mbooloo mépp, kenn tontuwu ko.
40 Mu ne bànni Israayil gépp: «Taxaweleen
nee, maak sama doom Yonatan, nu
taxawe nii.» Mbooloo ma ne Sawul: «Loo
bëgg rekk, defal.»
41 Sawul ñaan ci Aji Sax ji, ne ko: «Yaw
Yàllay Israayil, ngalla xamleel liy dëgg.» Ñu
daldi tegoo bant, mu dal ci kaw Yonatan
ak Sawul, mbooloo ma wàcc.
42 Sawul ne: «Tegalleen nu bant sama
digganteek Yonatan.» Ñu tegal leen, mu
dal ca doomam Yonatan.
43 Sawul ne Yonatan: «Wax ma loo def.»
Yonatan ne ko: «Aylayéwén maa ñam tuuti
ca lem ja ma cappe sama catu yet wi ma
yoroon ci sama loxo. Maa ngii, naa dee!»
44 Sawul ne ko: «Na ma Yàlla teg mbugal
mu gëna tar, waaye yaw Yonatan dinga
dee déy!»
45 Mbooloo ma nag ne Sawul: «Lan?
Yonatan dee, moom mi may Israayil ndam
lu réy lii? Xalaateesu ko moos! Giñ nanu ci
Aji Sax jiy dund, du lenn luy rote ci
kawaru boppu Yonatan sax, dal fi suuf,
ndax Yàlla la àndal def lii tey.» Noonu la
mbooloo ma jote Yonatan, ba deewul.
46 Ba loolu wéyee Sawul noppee dàq waa
Filisti, waa Filisti dellu ca seenum réew.

### *Sawul am na ndam*

47 Gannaaw ba Sawul feddalee
nguuram ca Israayil, xare naak seen noon
ya leen wër yépp: Mowabeen ñaak
Amoneen ñaak Edomeen ñaak buuri waa
Coba ak waa Filisti. Mboolem fu mu
walbatiku rekk, moo daan.
48 Njàmbaar la xaree, duma Amalegeen
ña, ba musal Israayil ca ña doon sëxëtoo
seen alal.
49 Doomi Sawul yu góor nag ñoo doon:
Yonatan ak Iswi ak Malkisuwa; ñaari
doomam yu jigéen, di Merab mi ci gën di
mag, ak Mikal mi gën di ndaw.
50 Soxnas Sawul moo doon Axinowam,
Aximàcc di baayam. Njiitu xareem moo
doon Abner doomu Ner baayu Sawul bu
ndaw,
51 Kis miy baayu Sawul, ak Ner, baayu
Abner, Abyel ay seen baay.

52 Giiru dundu Sawul gépp xare la woon
bu metti seen diggante ak waa Filisti. Moo
tax fu Sawul gisaan boroom kàttan mbaa
boroomu fit, da ko daan dolli ci gàngooram.

# 15

### *Sawul tooñati na*

1 Samiyel daa waxoon Sawul, ne ko:
«Man la Aji Sax ji yebal, ngir ma fal la
buurub Israayil, ci aw ñoñam. Kon déglul
kàddu yii Aji Sax ji wax.
2 Aji Sax ju gàngoor yi dafa wax ne:
“Maay dikke mbugal mu faj la Amalegeen
ña defoon Israayil, tëru leen ca yoon wa,
ba ñuy génn Misra.
3 Demleen léegi, songi Amalegeen ñi.
Faagaagalleen* seen lépp, te buleen leen
ñeewante; reyleen góor ak jigéen, gone yi ba
ci ñiy nàmp, ak nag ak gàtt ak giléem ak
mbaam.”»
4 Ba loolu amee Sawul woo gàngoor ga,
lim leen ca Telem, ñuy ñaari téeméeri
junniy (200 000) xarekat yuy deme tànk, ak
fukki junniy (10 000) góori Yudeen.
5 Sawul dem ba jot dëkkub Amalegeen
ña, daldi waajal am tëru ca xur wa.
6 Mu yónnee ca Keñeen ña, ne leen:
«Demleen, dawleen jóge ci biir Amalegeen
ñi, bala ma leena buubaaleek ñoom, te ba
bànni Israayil di génn Misra, yeena leen
jiwoon ngor ñoom ñépp.» Keñeen ña daw,
jóge ca biir Amalegeen ña.
7 Ba mu ko defee Sawul song Amalegeen
ña, dale ko Awila ba dëkk ba ñuy wax Sur
ca penkub Misra.
8 Mu jàpp Agag buurub Amalegeen ña,
gàngoor ga gépp, mu faagaagal, leel leen
ñawkay saamar.
9 Sawul ak gàngooram nag bàyyi Agag,
muy dund, mook la gëna baax ca nag yaak
gàtt ya: jurug yafal gaak kuuy yu ndaw ya,
mboolem lu baax daal. Néeguñu caa
faagaagal dara, waaye mboolem lu ca
ñàkk solo mbaa mu yooy, loola lañu
faagaagal.

### *Sawul ñàkk na*

10 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal Samiyel ne ko:
11 «Réccu naa li ma fale Sawul buur,
ndax dëddu na ma, te samay ndigal, jëfewu
ko.» Samiyel am ca njàqare lool, ba
fanaanee tinu Aji Sax ji guddi gépp.
12 Ba bët setee Samiyel teela jóg dem
ngir dajeek Sawul. Ñu ne ko Sawul dem na
dëkk ba ñuy wax Karmel, te defu fa lu moy
yékkati am taax, terale ko boppam. Jóge na
fa it, jàll ba Gilgal.
13 Ba Samiyel demee ba gis Sawul,
Sawul ne ko: «Yal na la Aji Sax ji barkeel.
Def naa li Aji Sax ji santaane!»
14 Samiyel ne ko: «Ana meem joojuy
tàbbi sama nopp bii, lu mu doon? Ak
looluy nàññi, may dégg?»
15 Sawul ne ko: «Ca Amalegeen ña de
lañu ko jële. Xarekat yee bàyyi li gën ci gàtt
yeek nag yi, ngir sarxale ko sa Yàlla Aji Sax
ji. Waaye la ca des moom, faagaagal nañu
ko.»
16 Samiyel ne Sawul: «Defal ndànk!
Dinaa la xamal li ma Aji Sax ji wax biig.»
Mu ne ko: «Waxal!»
17 Samiyel ne ko: «Xanaa du yaa gisaloon
sa bopp ne lu tuut nga woon, te yaay
njiital giiri Israayil tey? Aji Sax ji fal la,
ngay buurub Israayil,
18 Aji Sax ji teg la ci yoon wi, ne la:
“Demal faagaagal moykati Amalegeen ñi.
Xareel ak ñoom, ba jeexal leen tàkk.”
19 Lu la tere woona déggal Aji Sax ji,
xanaa di saax-saaxee alal ji, di def li Aji
Sax ji ñaawlu?»
20 Sawul ne Samiyel: «Ndaxam déggal naa
Aji Sax ji. Dox naa yoon wi ma Aji Sax ji
yebal; indi naa Agag buurub Amaleg te
Amalegeen ñi, faagaagal naa leen.
21 Xarekat yi daal a tànne ci lël ji li gën ci
gàtt yeek nag yi ñu wara faagaagal, ngir
sarxal ko sa Yàlla Aji Sax ji ca Gilgal.»
22 Samiyel ne ko:
«Bànneexu Aji Sax ji ci saraxi rendi-dóomal
ak yeneen sarax,
mbaa tolloo naak bànneex ba muy am ci
dégg ndigalal Aji Sax ji?
Ma ne, dégg ndigal a gën ab sarax;
xol bu nangoo gën nebbonu kuuy.
23 Bàkkaaru ngisaane la déggadi yemool,

* **15.3 *faagaagal:*** li ñu ko bëgga firee fii mooy li ñu def alal ju ñu jagleel Aji Sax ji, ngir nit du ko saña jëfandikoo. Alal ju mel noonu, su duggul ci dencub kër Aji Sax ji, dees koy sànk.

ñaawtéefu bokkaale tollook reewande.
Yaa gàntal ndigalu Aji Sax ji,
moom mu gàntal sa nguur.»
24 Sawul ne Samiyel: «Bàkkaar naa, ndax
maa wàcc kàddug Aji Sax ji ak say ndigal,
ndax ragal mbooloo mi, ba topp seen
coobare.
25 Léegi nag ngalla waay, baal ma sama
bàkkaar bii te walbatiku, ànd ak man, ma
sujjóotali Aji Sax ji.»
26 Samiyel ne Sawul: «Duma walbatiku
ànd ak yaw, ndax yaa gàntal kàddug Aji Sax
ji, Aji Sax ji gàntal sa nguur ci Israayil.»
27 Naka la Samiyel ne wërëñ, di dem,
Sawul jàpp ca catal mbubb ma, mu dagg.
28 Samiyel ne ko: «Nii la Aji Sax ji dagge
nguurug Israayil ci yaw bés niki tey, jox ko
keneen ku la gën.
29 Te Aji Nekk-Fàww ju Israayil ji du fen,
du réccu, ndax du nit bay réccu.»
30 Sawul dellu ne: «Bàkkaar naa! Waaye
ngalla waay sagal ma ci sama kanam magi
askan wi ak ci kanam Israayil.
Walbatikul, ànd ak man rekk, ma sujjóotali
sa Yàlla Aji Sax ji.»
31 Ba loolu amee Samiyel walbatiku
topp Sawul. Sawul dem sujjóotali Aji Sax ji.
32 Gannaaw loolu Samiyel ne: «Indilleen
ma Agag buurub Amalegeen ñi.» Agag nag
dikk, wutsi ko, ne finaax. Booba Agag a
nga naan ca xelam: «Dee moom, tiitatuma
ko, wees na!»
33 Samiyel nag ne ko: «Ni aw jigéen ñàkke
ay doom yu leen sa saamar xañ, ni la sa
ndey di bokke tey ci jigéen ñi ñàkk doom.»
Ci kaw loolu Samiyel rey Agag fa kanam
Aji Sax ji ca Gilgal.
34 Ba mu ko defee Samiyel dellu Raama,
Sawul moom ñibbi këram ca Gibeya gu
Sawul.
35 Ba ni Samiyel faatoo, seeteetul Sawul.
Teewul mu jooy Sawul, waaye fekk na Aji
Sax ji réccu la mu fal Sawul buurub
Israayil.

## Lii moo dox diggante Sawul ak Daawuda

# 16

*(Saar 16—31)*

### *Yàlla fal na Daawuda*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji ne
Samiyel: «Yaw foo àpp sa jooy yi ngay jooy
Sawul te man maa ko dàq, ba doonatul
buur ci Israayil? Gannaaw maa foq
nguuram ci Israayil kay, duyal sa béjjén
diwu oliw ba mu fees te nga dox, ma yebal
la ci Yese waa Betleyem bi. Gis naa ciy
doomam ki may fal buur.»
2 Samiyel ne ko: «Ana nu ma fay deme?
Sawul da koy dégg, rey ma!» Aji Sax ji ne
ko: «Aw nag wu jigéen ngay jël, yóbbu, ne
ko sarxalsi Aji Sax ji moo la indi.
3 Su ko defee nga woo Yese ca sarax sa.
Man maa lay xamal nooy def, ba nga
diwal ma ki ma la wax, fal ko.»
4 Samiyel def la Aji Sax ji wax. Ba mu
agsee Betleyem, magi dëkk ba gatandoo ko
tiitaange, ne ko: «Mbaa tànki jàmm?»
5 Samiyel ne leen: «Jàmm rekk. Sarxalsi
Aji Sax ji moo ma indi. Sanguleen-set te
dikk ànd ak man ca sarax sa.» Ci kaw loolu
mu sellal Yese ak doomam yu góor, woo
leen ca sarax sa.
6 Naka lañu agsi, Samiyel gis Elyab,
daldi ne ca xelam: «Xam naa kii fi kanam
Aji Sax ji rekk mooy ki mu fal!»
7 Aji Sax ji nag ne Samiyel: «Bul xool ci
melokaanu kii, mbaa jëmmu taxawaayam,
ndax gàntal naa ko. Lii du ci gis-gisu nit.
Nit, li fees bëtam lay gis, waaye Aji Sax ji ci
xol lay xool.»
8 Yese daldi woo Abinadab, indi ko fi
kanam Samiyel. Mu ne: «Aji Sax ji tànnul
kii ba tey de!»
9 Yese indi Simeya*, Samiyel ne: «Aji Sax
ji tànnul kii it.»
10 Yese indi juróom ñaari doomam yu
góor fa kanam Samiyel, Samiyel ne ko: «Aji
Sax ji tànnul kenn ci ñii.»
11 Samiyel nag ne Yese: «Xale yu góor yi
yemb nañu?» Yese ne ko: «Xanaa ki gën di
ndaw. Ma ngay sàmm gàtt ya.» Mu ne ko:
«Yónneel, woolu ko, dunu jekki te dikkul
fii.»
12 Yese yónnee, ñu indi ko. Ma nga def ku
xees, neexa xool, bët ya leer nàññ. Aji Sax
ji ne Samiyel: «Diw ko, kii la.»
13 Samiyel fab béjjénu diw ba, diw ko fa
kanam magam ña. Ba mu ko defee leerug

* **16.9** ***Simeya*** mooy Saama ba tey.

Aji Sax ji dikk ne milib ca kaw Daawuda, dale fa ànd ak moom bésub keroog. Ba loolu wéyee Samiyel moom, dem dëkk ba ñu naan Raama.

### *Daawuda dugg na ca liggéeyu Sawul*

14 Ci kaw loolu leerug Aji Sax ji dëddu
Sawul, ngelaw lu aay bàyyikoo ci Aji Sax ji,
ub boppam.
15 Ay dagi Sawul wax Sawul ne ko: «Lii
kat ngelawal Yàlla lu aay la. Moo ub sa
bopp.
16 Nu ngii nag fi sa kanam, joxeel ndigal
rekk sang bi, nu wutali la ku mana xalam.
Su ko defee bu la ngelawal Yàlla lu aay
songee, mu xalamal la, nga am jàmm.»
17 Sawul ne dagam ya: «Ayca, seetalleen
ma ku mane xalam bu baax, indil ma ko.»
18 Kenn ca dag ya ne ko: «Man de, gis naa
jenn doomu Yese waa Betleyem bi. Ku
mana xalam la te jàmbaare. Ñeyi xare la.
Ku déggi wax, ku góorayiw, te Aji Sax ji ànd
ak moom.»
19 Ba loolu amee Sawul yebal ay ndaw
ca Yese ne ko: «Yónnee ma sa doom
Daawuda, ma ca gàtt ya.»
20 Yese yebal doomam Daawuda, daldi
takk mbaam, sëf ko mburu ak mbuusu
biiñ ak ab tef, ngir mu joxal ko Sawul
yóbbal.
21 Daawuda dem ca Sawul, daldi tàmbali
di ko liggéeyal. Sawul sopp ko lool.
Daawuda nag mujj di gàddukatu
gànnaayam.
22 Ci kaw loolu Sawul yónnee ca Yese, ne
ko: «Bàyyil Daawuda, mu di ma liggéeyal
far, ndax bég naa ci moom.»
23 Ci kaw loolu, saa yu ngelawal Yàlla
songee Sawul, Daawuda fab xalam ga,
xalamal ko, Sawul féex, am jàmm, ngelaw
lu aay la dëddu ko.

# 17

### *Golyaat dëkk na bànni Israayil*

1 Noonu Filisteen ñee boole seeni
gàngoor ngir xare. Ñu daje ca dëkk ba ñu
naan Soko ca diiwaanu Yuda, daldi dale
ca Efes Damim diggante Soko ak Aseka.
2 Sawul ak waa Israayil nag daje, dale ca
xuru Ela, làng-dér ngir jànkoonteek waa
Filisti.
3 Waa Filistee nga taxawe tund wii,
bànni Israayil taxawe tund wee, xur wa
dox seen diggante.
4 Ci biir loolu jenn jàmbaar génne ca làngu
waa Filisti. Ku ñuy wax Golyaat*, dëkke
Gaat, taxawaayam di juróom benni xasab
yu teg diggante baaraamu déy ak digg,
xawa tollu ci ñetti meetar.
5 Mbaxanam xànjar la sol ak kiiraayal
dënnub juróom benn fukki kilo, ñu liggéeye
ko waasintóori xànjar.
6 Ma nga takk kiiraayi yeel yu xànjar,
gàlloo xeeju xànjar bu ndaw ca wagg ya.
7 Bantu xeejam bu mag baa nga saf
mbaamum ràbb, ñawkay xeej ba di weñ gu
ëpp juróom ñaari kilo. Gàddukatu pakkam
baa ngay dox, jiitu ko.
8 Golyaat taxaw, janook làngi Israayil,
àddu ca kaw, ne leen: «Ana lu ngeen di
génn, làng-déral xare nii? Xanaa du maay
Filisteen bi, yeen ngeen di surgay Sawul?
Tabbleen genn góor, mu wàcc, dajeek man.
9 Su ma manee ba rey ma, nuy seeni
jaam; waaye su ma ko manee ba rey ko,
ngeen di sunuy jaam, di nu jaamu.»
10 Filisteen ba neeti: «Maa dëkk làngi
Israayil bés niki tey. Booleleen maak genn
góor rekk, nu xeex.»
11 Ba Sawul ak bànni Israayil yépp déggee
waxi Filisteen boobu, jàq nañu, tiit nañu
lool.

### *Daawuda def na jaloore*

12 Daawuda nag moo doon doomu góor
googu dëkk Efrata ca Betleyem ga ca
diiwaanu Yuda, ñu di ko wax Yese. Yese
amoon na juróom ñetti doom yu góor. Góor
ga, ca jamonoy Sawul, mag mu ñu nawloo
la woon.
13 Ñetti doomi Yese yu góor yu mag ñoo
ràngu woon, topp Sawul ca xare ba. Ñetti
doom ya dem xare, taaw ba Elyab lañu
koy wax, ka ca topp di Abinadab, ñetteel
ba di Simeya.
14 Daawudaa ca gënoon di ndaw. Ñetti
magam yooyu ñoo toppoon Sawul,

* **17.4 *Golyaat:*** am na ñu ko gëna xam ci turu Jalut.

15 waaye Daawuda da daan jaabantee fa
Sawul ak Betleyem ga muy sàmme gàtti
baayam.

16 Subaak ngoon nag Filisteen ba ne jaas
taxaw, ba mu am ñeent fukki fan.
17 Ci biir loolu Yese ne doomam
Daawuda: «Ayca, jëlal nattub mbool mii ak
fukki mburu yii te nga daw, yóbbul ko sa
mag ya ca dal ba.
18 Fukki dogi formaas yii, yóbbul ko seen
njiitu kuréel. Nemmikul seen jàmmu
yaram te nga sàkku ci ñoom firnde buy
wone ne ñoo ngi ci jàmm, nga indil ma.
19 Sawul a ngaak ñoom ak waa Israayil
gépp ca xuru Ela, di xareek waa Filisti.»

20 Daawuda teela jóg ca ëllëg sa, wacce
gàtt ya ab wattukat, daldi jël yóbbal ga,
dem na ko ko baayam sante. Naka la àgg
ca dal ba, yemook gàngoor gay génnaale
seen xaacuy xare, ngir làng-déri.
21 Bànni Israayil ak waa Filisti daldi dér,
gàngoor janook gàngoor.
22 Ci biir loolu Daawuda wàcce yóbbal ga,
wacce ko wattukatub cummikaay ba,
daldi daw ba ca làngu xare ba. Mu agsi,
nuyook ay magam.
23 Na muy wax ak ñoom, jàmbaar ja ñuy
wax Golyaat waa Filisti ba dëkke Gaat, ne
tëll génne ca làngi waa Filisti. Mu dellu ca
wax jooju mu waxoon, Daawuda dégg ca.

24 Ba bànni Israayil gépp gisee waa ja,
dañoo dellu gannaaw, tiit lool.
25 Ña nga naan ca seen biir: «Gis ngeen
waa jee di ñëw, dëkksi Israayil a ko yékkati.
Képp ku ko rey de, Buur dina ko jox alal ju
bare. Doomam la koy may jabar, te waa
kër baayam, dina leen jagleel ab cér ci
digg Israayil.»
26 Daawuda ne ña mu dendal: «Ngeen ne,
lees di defal ku rey Filisteen bii, ba faj
gàcceg Israayil? Ak kan mooy yéefaru
Filisti bii sax, bay dëkk gàngoori Yàlla jiy
dund?»
27 Nit ña dellu ca loola ñu waxoon, ne
moom lañuy defal ku rey waa ja.

28 Elyab, magu Daawuda, dégg Daawuda
di wax ak ñooña. Mu mer, ne ko: «Yaw sax
lu la fi indi? Ak koo wacce la fay gàtt ak as
néew ca àll ba? Xam naa bu baax sag réy
ngise, ak njubadi gi nga mébét. Seetaansi
xare bi doŋŋ a la fi indi!»
29 Daawuda ne ko: «Waaw, man lu ma
def? Xanaa du wax doŋŋ?»
30 Daawuda jóge ca mag ja, dem ca
keneen, laaj ko mbir mooma, tont la di
lenn.
31 Ci kaw loolu ñu dégg kàddu ya ca
Daawuda wax, yegge ko Sawul. Sawul
woolu ko.
32 Daawuda dikk ne Sawul: «Bu kenn
yoqil waa jii, sang bi. Man maay dem xeex
ak Filisteen bii.»
33 Sawul ne Daawuda: «Déedéet, yaw
manoo songi Filisteen bii, di xeex ak
moom. Gone doŋŋ nga, te moom cag
ndawam la dale di nitu xare.»
34 Daawuda ne Sawul: «Sang bi, bu may
sàmm sama gàtti baay, ba gaynde mbaa
rab wu aay dikk, jël ci ab gàtt,
35 maa koy topp, dóor ko, nangoo gàtt bi
ci gémmiñam. Te bu ma songee, sikkim bi
laay sëq, fàdd, mu dee.
36 Rey naa gaynde, rey naa weneen rabu
àll wu aay, sang bi; kon nag yéefaru Filisti
bii it ni wenn ci yooyu rab rekk, ndax moo
tëkku gàngoori Yàlla jiy dund.»
37 Daawuda neeti: «Aji Sax ji ma musal
ci pàddum gaynde ak weneen rabu àll wu
aay, moo may musal ci loxol Filisteen bii.»
Sawul ne Daawuda: «Demal boog, yal na
Aji Sax ji ànd ak yaw.»
38 Ba mu ko defee Sawul solal Daawuda
yérey boppam, solal ko mbaxanam xànjar,
solal ko kiiraayal dënn.
39 Daawuda ràngoo saamarub Sawul, ca
kaw yére ya, daldi jéema dox, mu të, ndax
ñàkk koo miin. Daawuda ne Sawul:
«Manumaa doxaale lii ndax miinuma ko»,
daldi koy summi.
40 Ba loolu amee Daawuda jël yetam,
tànn ca dex ga juróomi doj yu rattax, yeb
ca gafakag mbuusum sàmmam, daldi ŋàbb
mbaqam, wuti Filisteen ba.
41 Ci biir loolu Filisteen ba dox, dikk ba
jege Daawuda, gàddukatu pakkam jiitu ko.
42 Filisteen ba séentu, séen Daawuda;
muy xale su góor su ndaw, xees te
góorayiw, mu daldi koy xeeb.
43 Mu ne Daawuda: «Xanaa ab xaj laa, ba
nga di ma jëlalu yet?» La ca tegu Filisteen
ba móolu ko ca turi tuuram,

44 ne ko: «Dikkal fii rekk, ba ma leele saw
suux njanaaw yeek rabi àll yi.»

45 Daawuda ne Filisteen ba: «Yaw de yaa
may jëlal ab saamar ak xeej bu mag ak bu
ndaw, waaye man turu Aji Sax ju gàngoor
yi laa lay dikke, Yàllay làngi xarey Israayil
ji nga tëkku.
46 Bésub tey jii Aji Sax jee lay teg ci sama
loxo, ma rey la, dog sa bopp. Tey jii sax
laay leele njanaaw yeek rabi àll yi néewi
xarekati Filisti, ba àddina sépp xam ne
Israayil am na Yàlla.
47 Mboolem ñii fi daje dinañu xam ne du
saamar te du xeej la Aji Sax jiy walloo,
ndax Aji Sax jeey boroom xare bi, te moo
leen teg ci sunuy loxo.»

48 Ci kaw loolu Filisteen ba daldi dikk,
ba gënatee jege Daawuda, Daawuda riir,
wuti làng ga, ngir dajeek Filisteen ba.
49 Mu yoor loxoom ca mbuusam, jël ca
aw doj, mbaq, jam Filisteen ba ci jë, doj wa
tàbbi ca biir jë ba. Mu ne jànjaŋ, dëpp
kanam ga fa suuf.
50 Ag mbaq aku doj la Daawuda mane
Filisteen ba, jam ko, rey ko, te yorul
saamar.
51 Daawuda nag daw ba taxaw, tiim
Filisteen ba, jàpp saamaram, boccee ko ca
mbar ma, jekkali ko, dog bopp ba. Waa
Filisti gis ne seen ñeyu xare dee na, ñu
daw.
52 Ba loolu amee mbooloom Israayil ak
Yuda àddu xaacoondoo, daldi dàqi waa
Filisti, ba jub xur wa, ba ca bunti Ekkron.
Waa Filisti ya ñu rey ne wetar ca yoonu
Saarayim ba Gaat, ba ca Ekkron.
53 Bànni Israayil nag waññikoo ca
ndàqum Filisti mu metti ma, daldi sëxëtoo
seen dal ba.
54 Daawuda jël boppu waa Filisteen ba,
yóbbu Yerusalem; gànnaayi waa ja, mu fat
ca xaymab boppam.

55 Lu jiitu loolu, ba Sawul gisee
Daawuda, mu wuti Filisteen ba, da ne
Abner njiital gàngooru xareem: «Waaw,
Abner, xale bii doomu kan a?» Abner ne
ko: «Buur, giñ naa, nga fekke tey, xawma
ko.»
56 Buur Sawul ne ko: «Nanga laajte, xale
bii, doomu kan la.»

57 Naka la Daawuda rey Filisteen ba, ba
dikk, Abner jàpp ko, indi ko ca kanam
Sawul. Daawudaa nga ŋàbb boppu
Filisteen ba, ba tey.
58 Sawul ne ko: «Yaw, gone gii, yaay
doomu kan?» Daawuda ne ko: «Maay
doomu Yese, sa surga ba dëkk Betleyem.»

# 18

## *Yonatan fas na kóllëreek Daawuda*

1 Ba Daawuda di wax ak Sawul ba
noppi, fekk na Yonatan yég ci xolam na
mu taqook Daawuda ci biir cofeelu benn
bakkan. Yonatan dafa soppoon Daawuda
ni boppam.
2 Bésub keroog la Sawul téye Daawuda,
mayatu ko mu ñibbi kër baayam.
3 Ba loolu amee Yonatan fasook
Daawuda kóllëre, ndax sopp ko ni
boppam.
4 Ci biir loolu Yonatan summi
mbubbam, jox ko Daawuda, boole ca ay
yérey xareem, ba ca saamaram ak fittam
ak ngañaayam sax.
5 Daawuda nag di dem ci bépp yoonu
xare bu ko Sawul yebal, di ca am ndam.
Sawul fal ko njiitu xarekat ya, gàngoor
gépp rafetlu loolu, jawriñi Sawul itam
rafetlu ko.

## *Sawul a ngay fexeel Daawuda*

6 Ba ñu demee ba xarekat yay ñibbi,
gannaaw ba Daawuda reyee waa Filisti
ba, jigéeni mboolem dëkki bànni Israayil a
génn gatanduji Buur Sawul, di fecc aka
woy, tabala ya ànd ak sarxolle ya ak xalam
ya.
7 Ña ngay fo, di awoonte, naan:
Sawul jam junneem,
Daawuda jam fukki junneem.
8 Sawul ñaawlu kàddu ga, mer lool. Mu
ne ca xelam: «Daawuda lañu moomale
fukki junni; man, junni! Lu ko deseeti lu
moy jal bi?»
9 Bésub keroog la Sawul dale ronni
Daawuda.
10 Ca ëllëg sa ngelawal Yàlla lu aay ne
milib ca kaw Sawul, mu nekk ci aal ca digg
këram. Daawuda nag di ko xalamal, na mu
daan def naka jekk, fekk Sawul ŋàbb ab
xeejam.

11 Mu jekki sànni xeej ba, te naan ca
xelam: «Naa daaj Daawuda ci tabax bi!»
Daawuda nag mbas ko ñaari yoon.
12 Sawul daldi ragal Daawuda, ndax
booba xam na ne Aji Sax jee ko dëddu, ànd
ak Daawuda.
13 Ba loolu amee mu jële ko fi wetam, fal
ko njiitu kuréelu junniy xarekat, muy
xareji, di délsi, jiite gàngoor ga.
14 Daawuda baaxle ca yoonam yépp, Aji
Sax ji ànd ak moom.
15 Ba Sawul gisee Daawuda àntule lool,
mu gën koo ragal.
16 Teewul mboolem Israayil ak Yuda
sopp Daawuda, ngir moo leen jiite woon,
di xareji, di dikk.

### *Daawuda jël na doomu Sawul soxna*

17 Ci kaw loolu Sawul ne Daawuda:
«Sama taaw bu jigéen, Merab a ngii. Moom
laa lay may. Nekkal ma sama jàmbaaru
xare rekk, te xareel Aji Sax ji ay xareem.»
Booba Sawul a nga naan ca xelam: «Bu ko
sama loxo laal, nay loxol waa Filisti.»
18 Daawuda ne Sawul: «Waaw, ana lu ma
tekki, man maak samay bokk, sama
askanu baay ci Israayil, ba wara mana
goromlook Buur?»
19 Ba ñu demee ba wara jox jabar
Daawuda Merab doomu Sawul ja, Àddiryel
ma cosaanoo Mewola lañu ko far may.
20 Ci kaw loolu Mikal doomu Sawul bëgg
Daawuda, ñu àgge ko Sawul, mu am ca
mbégte.
21 Booba Sawul a nga naan: «Naa ko ko
may, ngir mu doon ndëgg-sërëxam, ba waa
Filisti teg ko loxo.» Sawul nag wax
Daawuda, ñaareel bi yoon, ne ko: «Tey
ngay samab goro.»
22 Ci biir loolu Sawul sant ay dagam, ne
leen: «Diisoolleen maak Daawuda, ngeen
wax ko ne ko: “Yaw kat, Buur am na
bànneex ci yaw, te it dagam yépp a la sopp.
Kon nag nangula doon gorob Buur.”»
23 Dagi Sawul ya déey Daawuda kàddu
yooyu. Daawuda ne leen: «Ngeen defe ne
goromlook Buur daal, du dara? Man mii
taqul dara, tekkiwuma dara!»
24 Dag ya yegge Sawul kàddu yooyu
Daawuda wax.
25 Sawul ne leen: «Waxleen Daawuda ne
ko, Buur de sàkkuwulub can: xanaa
téeméeri mbuñukay waa Filisti yu mu
feyoo ci noonam yooyu.» Booba la Sawul
laloon mooy pexe mu tàbbal Daawuda ca
loxol waa Filisti.
26 Dag ya yegge Daawuda kàddu yooya,
doon gorob Buur daldi koy jaral loola.
Balaa àpp baa mat,
27 Daawuda dem na, mooki nitam ba
rey ñaari téeméeri waa Filisti. Daawuda
indi seeni mbuñuka, ñu waññal ko Buur ba
mu mat sëkk, mu daldi yeyoo goromlook
Buur. Ba loolu amee Sawul may Daawuda
doomam Mikal.
28 Sawul nag xam xéll ne Aji Sax jee ànd
ak Daawuda, te it doomam Mikal bëgg na
ko,
29 mu gën koo ragalati. Fa la Sawul doxe
doon noonub Daawuda ba fàww.
30 Ci kaw loolu njiiti xarey Filisti di amal
ay cong, noppiwuñoo xareek Israayil.
Teewul saa yu ñu songaan, Daawudaay
gëna am ndam mboolem jawriñi Sawul,
ba mujj Daawuda amu tur lool.

# 19

### *Yonatan taxawu na Daawuda*

1 Ba mu ko defee Sawul xamal doomam
Yonatan ak dagam yépp ne reylu
Daawuda mooy li mu nar. Te Yonatan
doomu Sawul sopp Daawuda lool.
2 Yonatan yegge ko Daawuda, ne ko:
«Sama baay a ngi lay wuta rey. Yaw nag
fagarul kat te teela xëy ëllëg, seet foo làquji
te baña génn.
3 Man dinaa dem ci sama wetu baay, nu
bokk taxaw ca tool ba ngay làquji. Man mii
maay wax ak sama baay ci say mbir, ba
gis na muy tëdde. Lu ma ci xam rekk, ñëw
yegge la ko.»
4 Ci kaw loolu Yonatan wax baayam lu
baax ci Daawuda, ne ko: «Buur, ngalla bul
tooñ Daawuda, sa jaam bii, ndax moom
kat tooñu la, lu baax rekk la la masa defal.
5 Jaay na bakkanam, ba rey waa Filisti
ba. Aji Sax ji maye ca ndam lu réy, ñeel
Israayil gépp, nga teg ci bët, am ca mbégte.
Ana lu waral ngay tooñ, di tuur deretu
jàmburu Yàlla bu mel ni Daawuda, reylu ko
ci dara?»

6 Sawul nag déggal Yonatan, daldi ne: «Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund, deesul rey Daawuda.»
7 Yonatan woo Daawuda, nettali ko waxtaan wa wépp, door koo yóbbu ca Sawul, mu dellu di ko liggéeyal, na woon.

### *Mikal xettali na Daawuda*

8 Ci kaw loolu xare jibaat, Daawuda dem xeexi ak waa Filisti, daan leen jéll bu réy, ñu daw.
9 Ci kaw loolu ngelaw lu aay lu Aji Sax ji dikkal Sawul, fekk ko toog ci biir këram, ŋàbb ab xeejam, Daawuda di xalam.
10 Sawul di wuta jam Daawuda xeej bi, ngir daaj ko ca tabax ba. Daawuda nag mbas ko, mu jam xeej ba ca tabax ba. Daawuda daldi daw, ba raw guddig keroog.
11 Sawul yebal ay ndaw ca kër Daawuda ngir ñu xoolal ko ko, ba bët set, ñu rey ko. Mikal, soxnas Daawuda, yégal ko Daawuda, ne ko: «Soo rawalewul sa bakkan ci guddi gi de, bu ëllëgee dees na la rey.»
12 Ba loolu amee Mikal jaarale ko ca palanteer ba, mu wàcc, daw, ba raw.
13 Mikal jël gàllaaju kër ga, teg ca lal ba, fab deru bëy, teg fa féeteek bopp ba, daldi koy sànge malaan.
14 Sawul yebal ay ndaw yu jàppsi Daawuda, Mikal ne: «Moom de daa wopp.»
15 Ci kaw loolu Sawul dellu yebal ndaw ya, ngir ñu dem ba gis ko. Mu ne leen: «Indil leen ma ko, booleek lal bi, ba ma rey ko!»
16 Naka la ndaw ya délsi, xool, gisuñu lu moy gàllaaju kër ga ca kaw lal ba, ak deru bëy ba féeteek bopp ba.
17 Ba loolu amee Sawul ne Mikal: «Ana lu waral nga wor ma nii, bàyyi sama noon, mu rëcc?» Mikal ne ko: «Moom kay moo ma ne: “Bàyyi ma, ma daw, lu ko moy ma rey la!”»

### *Sawul toppi na Daawuda ca Nayot*

18 Noonu la Daawuda dawee ba raw. Mu fekki Samiyel ca Raama, wax ko la ko Sawul def lépp. Ñu ànd, mook Samiyel, dali ca Nayot.
19 Ñu yegge ko Sawul ne ko: «Ndeke Daawudaa nga Nayot ca dëkk ba ñuy wax Raama.»
20 Sawul yebal ay ndaw, ngir ñu jàpp Daawuda. Nit ña dikk, gis kuréelu yonent yuy jottali ay kàdduy waxyu, Samiyel jiite leen. Ba loolu amee, ca kaw ndawi Sawul ya la leerug Yàlla wàcc, ñuy jottali ay kàdduy waxyu, ñoom itam.
21 Ñu yegge ko Sawul, mu yebal yeneen ndaw, ñu dikk, di jottali ay kàdduy waxyu ñoom it. Sawul dellooti yebal ay ndaw, ñetteel bi yoon, ñu dikk, di jottali ay kàdduy waxyu, ñoom itam.
22 Mu jóg moom ci boppam, jëm Raama. Mu dikk ba ca teen bu mag ba ca Seeku, daldi laajte ne: «Ana fu Samiyel ak Daawuda nekk?» Ñu ne ko: «Ña nga ca Nayot ca Raama.»
23 Sawul jubal yoonu Nayot ca Raama. Ba loolu amee, ca kawam, moom it, la leerug Yàlla wàcc, muy wéy di jottali ay kàdduy waxyu di dem, ba àgg Nayot ca Raama.
24 Ci kaw loolu mu summiy yéreem, di jottali ay kàdduy waxyu moom it fa kanam Samiyel, daldi ne làndaŋ, ne duŋŋ, bëccëg keroog gépp ak guddi ga gépp. Looloo waral ñu naan: «Moo Sawul it ci yonent yi laa?»

# 20

### *Yonatan wallu na Daawuda*

1 Daawuda nag dawe Nayot, ca wetu dëkk ba ñuy wax Raama. Mu dikk ca Yonatan, ne ko: «Ana lu ma def? Ana ñaawtéef gu ma def ak fu ma tooñe sa baay, ba muy wut sama bakkan?»
2 Yonatan ne ko: «Yàlla tere kay, doo dee mukk! Ma ne, sama baay du def dara lu réy ak lu tuut te yégalu ma ko. Su amoon moomu mébét, lu mu ma ciy nëbb? Loolu kay amul!»
3 Daawuda daldi giñ, neeti ko: «Dinaa la ko giñal, sa baay xam na xéll cér bi ma am ci yaw. Moo tax mu ne: “Bu Yonatan yég sama mébét mukk, lu ko moy dina ko naqarlu.” Waaye giñ naa ko, nga fekke ci Aji Sax jiy dund, ab jéego sax doxul sama digganteek dee.»

4 Yonatan ne Daawuda: «Wax ma loo bëgg rekk, ma defal la ko.»

5 Daawuda ne Yonatan: «Xanaa lenn. Ëllëg la màggalu Terutel weer wi, te man, manumaa ñàkka toog bokk lekk ak Buur. Waaye may ma, ma làquji ca àll ba, ba gannaaw ëllëg ca ngoon.
6 Su sa baay seetloo ba seetlu ne nekkuma fa, nee ko: “Daawuda déy da maa tinoo tinu ne, ma yiwi ko, mu ne coww ba Betleyem, dëkkam, ngir saraxu at ba at bu fa bokkam yépp amal.”
7 Su nee baax na de, sang bi, sama jàmm la, waaye su sànjoo ba sànju nag, xamal ne musiba la nar.
8 Su boobaa nag sang bi, yéwéne ma rekk, ngir kóllëreg Aji Sax ji nga fasook man. Waaye ndegam am na genn ñaawtéef gu ma gàkkal, ngalla rey ma yaw ci sa bopp, jarul nga di ma yóbbu ci sa baay.»
9 Yonatan ne ko: «Yàlla tere. Te su ma yégoon ba yég musiba mu sama baay nara indi fi sa kaw, na la wóor ne dinaa la ko xamal.»
10 Daawuda ne Yonatan: «Su la sa baay tontoo kàddu yu ñagas nag, ana ku ma koy xamal?»
11 Yonatan ne Daawuda: «Kaay nu dem ba ca àll ba.» Ñu ànd ñoom ñaar ba ca àll ba.
12 Yonatan ne Daawuda: «Giñ naa ci Aji Sax ji Yàllay Israayil, dinaa seetlu sama baay nëgëni sii gannaaw ëllëg. Su la naralee jàmm, yaw Daawuda, dinaa yónnee ci yaw ku la ko déey.
13 Waaye su la sama baay nammee indil musiba, yal na ma Aji Sax ji def lu ko raw, ndegam déeyuma la ko, ba rawale la ci jàmm. Yal na Aji Sax ji ànd ak yaw, na mu ànde woon ak saa baay.
14 Xanaa moos su may dund, ci ngorug Aji Sax ji ngay jëfeek man. Su ma deewee nag,
15 bul noppee jëfe ngor sa diggante ak sama waa kër mukk, ba sax keroog bu Aji Sax ji faree fi kaw suuf képp kuy noonu Daawuda.»
16 Noonu la Yonatan fasoo kóllëre ak waa kër Daawuda, ne: «Yal na Aji Sax ji fey nooni Daawuda.»
17 Ba mu ko defee Yonatan dellu giñloo Daawuda ci cofeelam gi mu am ci
Daawuda ndax ni mu soppe boppam la ko soppe woon.
18 Yonatan dellu ne ko: «Ëllëg ci màggalu Terutel weer wi, sag wuute dina fés, ndax sa toogu ba mooy wéet.
19 Kon bu gannaaw ëllëgee gaawal dem, ba fa nga làqu woon keroog ba mbir mi amee, te nga négandiku ca wetu doju Gindikaay wa.
20 Man nag dinaa sànni ñetti fitt ca wet ga, mu mel ni daa am lu ma fay diir.
21 Su ko defee rekk, ma yebal ndaw, ne ko mu jëli fitt yi. Su ma nee ndaw li: “Ée! Xoolal fitt yaa ngii nga romb, foral!” Su boobaa, ñëwal, jàmm ñeel na la, te dara amul, giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund.
22 Waaye su ma nee ndaw li: “Fitt yaa nga nale ca sa kanam!” Su booba, demal, ndax Aji Sax jee la yebal.
23 Mbir moomu nu digoo, maak yaw nag, Aji Sax jaa ngii, di ci seede sama digganteek yaw ba fàww.»

24 Daawuda làquji ca àll ba. Ba màggalu Terutel weer wa jotee, Buur toog di waaja lekk.
25 Buur a nga toog ca toogoom naka jekk, fa sës ca miir ba. Yonatan taxaw, Abner toog, feggook Sawul, toogub Daawuda ba nag wéet.
26 Sawul waxul dara bésub keroog, ndax booba ma nga naan ci xelam: «Ndogal la, boo demee daa setul, xam naa daa setul rekk.»
27 Ca ëllëg sa, di ñaareelu bésu Terutel weer wa, toogub Daawuda bay wéet ba tey. Sawul nag ne doomam Yonatan: «Waaw, lu waral doomu Yese ji lekksiwul démb ak tey?»
28 Yonatan ne Sawul: «Daawuda de da maa tinoo tinu ngir ma yiwi ko, mu dem Betleyem.
29 Daf ma ne: “Ngalla yiwi ma, ndax saraxu biiri bokk lanu am ca dëkk ba, sama mag a ma sant, ma teeweji ko. Kon nag su la neexee, may ma rekk ma rëcc, seeti saay bokk.” Looloo waral dikkul ci sa ndab li, Buur.»

30 Ba loolu amee Sawul xadaru ci kaw Yonatan. Mu ne ko: «Doomu caga bi, yaa të ndey! Xanaa xawma ne yaw, doomu Yese

ji nga faral, muy sa gàcce, di sa gàcceg
kanamu ndey?
31 Ngir li feek doomu Yese jiy dund fi
kaw suuf, yaw doo taxaw, sa nguur du
taxaw. Léegi nag, yónneel, ñu indil ma ko,
ndax moom aji dee la!»
32 Yonatan ne baayam: «Lu tax muy dee?
Ana lu mu def?»
33 Sawul ne ko xërr xeej ba, nar koo rey.
Yonatan nag xam ne rey Daawuda la
baayam dogu.
34 Yonatan jóge ca ndab la ak tàngooru
meram. Lekkul dara keroog ñaareelu bésu
màggalu Terutel weer wa, ndax naqar wu
mu am ca na baayam toroxale Daawuda.
35 Ca ëllëg sa Yonatan xëy, xalelu góor bu
ndaw ànd ak moom, mu dem ca àll ba, ca
digoom baak Daawuda.
36 Mu ne xaleem ba: «Dawal seeti fitt yi
may sànni.» Xale ba daw, mu soqi fitt ga,
mu jiitu ko.
37 Xalelu góor ba dem ba fa fittu Yonatan
ga dal, Yonatan woo xale bi, ne ko: «Ée!
Xanaa du fitt gaa nga nale ca sa kanam?»
38 Mu wooti ko, ne ko: «Ée, doxal gaaw,
bul taxaw!» Xale ba for fitt ga, dellu ca
njaatigeem Yonatan.
39 Xale bu góor ba nag xamu ca dara,
Yonatan ak Daawuda rekk a xam mbir ma.
40 Yonatan daldi jox xaleem ba ay
gànnaayam, ne ko: «Doxal, yóbbu ca dëkk
ba.»
41 Xale ba dem, Daawuda jóg, génne ca
làquwaayam ba fare bëj-saalum. Mu ne
gurub, dëpp jëëm fa suuf, sujjóot ñetti
yoon, ku nekk fóon sa moroom, ñoom ñaar
ñépp jooy, te Daawuda rawati.
42 Yonatan ne Daawuda: «Demal ak
jàmm, gannaaw noo giñoo nun ñaar ci turu
Aji Sax ji ne “Aji Sax jeey seede sama
digganteek yaw, ak diggante sama askan
ak saw askan, ba fàww.”»

# 21

1 Ba mu ko defee Daawuda dem,
Yonatan dellu ca dëkk ba.

## *Daawuda dem na ca Aximeleg*

2 Gannaaw ba loolu wéyee Daawuda
dem dëkk ba ñuy wax Noob ca Aximeleg
sarxalkat ba. Aximeleg gatandu ko, di lox,
ne ko: «Lu la taxa wéet, kenn àndul ak
yaw?»
3 Daawuda ne Aximeleg sarxalkat ba:
«Buur a ma sant ne ma: “Bu kenn xam lenn
ci li ma la yónni, ak li ma la sant.” Samay
ndaw nag, xamal naa leen ne béreb
sàngam lañu wara xaar.
4 Loo fi denc nag? Su dee juróomi mburu
mbaa lu beggandi rekk, jox ma!»
5 Sarxalkat ba ne Daawuda: «Dencuma
mburum neen de, mburu mu sell a fi ne.
Jëlal, jox say nit, ndegam fekk na leen ñu
fegu ci aw jigéen.»
6 Daawuda ne sarxalkat ba: «Aw jigéen
kay mbañ la ci nun naka jekk, su ma
nekkee ci yoonu xare, te sellal la sama nit
ñi nekke nii. Doonte yoon wii laajul sellal,
tey fekk na leen sellal moos ci moomu
mbir.»
7 Ci kaw loolu sarxalkat ba jox ko loola
ñu sellal, ndax mburu amu fa woon, lu
moy mburum teewal, ma ñu jële woon fa
Aji Sax ji, ba wuutal fa mburu mu tàng ca
saa sa ñu ko fa jëlee.
8 Fa la fekk keroog ab jawriñu Sawul bu
yitte téye woon fa Aji Sax ji. Mooy
Edomeen ba ñuy wax Doweg; njiital sàmmi
Sawul la woon.
9 Daawuda ne Aximeleg: «Dencoo fi ab
xeej mbaa saamar bu jàppandee? Ndax du
saamar, du lenn ci samay gànnaay lu ma
indaale, ngir yónnentu Buur a jampoon
lool.»
10 Sarxalkat ba ne ko: «Xanaa saamarub
Golyaat waa Filisti ba nga reyoon ca xuru
Ela. Ma nga nee laxase ca turki ba, ca
gannaaw xar-sànni ma. Soo ko bëggee,
jëlal, boobu rekk a fi ne.» Daawuda ne ko:
«Aa! Boobu kay amul moroom, jox ma ko.»

## *Daawuda nax na leen*

11 Bésub keroog Daawuda daw na Sawul
ba àgg ca Akis buurub Gaat*.
12 Jawriñi Akis ya wax Akis ne ko:
«Xanaa kii du Daawuda, boroom réew mi?
Du kii lañuy woyal, di fecc, naan:
“Sawul jam junneem,
Daawuda jam fukki junneem”?»

* **21.11** ***Gaat*** mi bokkoon ci juróomi dëkk yi gëna mag ci waa Filisti, moo gënoona jege diiwaanu Yude.

13 Daawuda am lu mu foog ci kàddu
yooyu, ba tax mu ragal lool Akis buurub
Gaat.
14 Mu daldi soppaliku ba mel ni ku
teqalikook sagoom ca seen kanam, di
dof-doflu ca seen kaw, di bindantu ca
bunt yaaka rogalaatal ay yuut ca kawaru
sikkim ba.
15 Akis ne jawriñam ya: «Xam ngeen ne
kii ab dof la; ana lu ngeen ma koy indile?
16 Damaa ñàkk ay dof ba ngeen di ma
yokkal lii, muy def yëfi dof fi sama kaw?
Lu lii di wut sama biir kër?»

# 22

## *Daawuda jiite na gàngoor*

1 Ba loolu amee Daawuda jóge Gaat, daw
làquji ca biir xuntum Adulam. Magam
yaak waa kër baayam gépp yég ko, dikk,
fekksi ko fa.
2 Ci biir loolu mboolem boroom njàqare
ya, ak ña bor jiital, ak tàng-xol ya, ñoom
ñépp dajeji fa Daawuda, mu doon seen
njiit. Ñu wara tollook ñeenti téeméeri (400)
nit ànd ak moom.
3 Daawuda bàyyikoo fa, dem Mispe ca
diiwaanu Mowab. Mu wax buuru Mowab
ne ko: «Rikk may ma, sama baay ak sama
ndey dikk toog ak yaw, ba ma xam nu
Yàlla di def ak man.»
4 Noonu la Daawuda yóbboo ay
waajuram Mispe ca buuru Mowab*, ay
waajuram toog fa diir bu tollook diir ba
Daawuda làqu woon ca rawtoom ba.
5 Ci kaw loolu Yonent Yàlla Gàdd ne
Daawuda: «Bul toog ci rawtu bi, fabul dem
réewum Yuda.» Daawuda bàyyikoo ca, dem
ba ca gottub Eret.

## *Sawul rey na sarxalkati waa Noob*

6 Ci biir loolu Sawul dégg ne gis nañu
Daawuda ak ña ànd ak moom. Booba
Sawul a nga toog ca ker garabu tamaris ga
ca Gibeya ca kaw tund wa. Ma nga ŋàbb
xeejam, jawriñam yépp taxaw ci wetam.
7 Sawul wax ak jawriñam yi taxaw ci
wetam, ne leen: «Yeen Beñamineen ñi,
déglu leen! Mbaa yeen ñépp, doomu Yese
jee leen di jox ay tool aki tóokëri reseñ, am
yeen ñépp lay fal njiiti kuréeli junni ak
njiiti kuréeli téeméer,
8 ba ngeen di ma fexeel yeen ñépp? Du
kenn ku ma yégal ne sama doom fasoo na
kóllëre ak doomu Yese ji. Du kenn ku ma
tiisoo, yégal ma ne sama doom a ngi xabtal
sama surga ci sama kaw, ngir mu waajal
ma am tëru ni tey jii!»
9 Doweg, Edomeen ba taxawandook
jawriñi Sawul, daldi àddu, ne: «Man de, gis
naa doomu Yese ji, mu dikk dëkk ba ñuy
wax Noob, ca Aximeleg doomu Axitub.
10 Aximeleg seetal na ko ci Aji Sax ji, ab
dund it may na ko ko, te it saamaru
Golyaat waa Filisti ba, jox na ko ko.»
11 Buur Sawul woolu sarxalkat ba
Aximeleg doomu Axitub, ak mboolem
bokki baayu Aximeleg ya doon ay
sarxalkat ca Noob; ñu wuyusi Buur Sawul,
ñoom ñépp.
12 Buur ne: «Yaw doomu Axitub, déglu
ma fii!» Mu ne ko: «Maa ngi lay dégg, sang
bi.»
13 Sawul ne ko: «Li nga ma def nag, di ma
fexeel, yaak doomu Yese ji? Yaa ko may ab
dund, yaa ko jox ab saamar, seetal ko ci
Yàlla, ba mu jógal ma, di ma tëru nii tey!»
14 Aximeleg ne Buur: «Buur, ana sa surga
yii ba ñu daj, ku la nangule ni Daawuda
mii, di sa goro, jiite say dag, te di ku ñu
nawloo ci sa biir ëtt bii?
15 Du keroog laa ko njëkka seetal ci Yàlla
de! Te it yàlla buma la lalal pexe! Dëgg
waay, Buur sama sang, bu ma topp lenn
maak kenn ci sama waa kër baay, ndax
kat sang bi, xawma dara ba dara booloo
jeex ci menn pexe.»
16 Buur Sawul ne ko: «Yaw Aximeleg kay,
dee rekk mooy sab àtte, yaak sa waa kër
baay yépp.»
17 Ba mu ko defee Buur ne dagam ya ko
dar: «Ayca, reyleen sarxalkati Aji Sax yii,
gannaaw ñoom it ñook Daawudaa far.
Yégoon nañu ba muy daw te xamaluñu ma
ko.» Dagi buur ya nag baña yékkati seen
loxo jëme ci sarxalkati Aji Sax ya.
18 Buur ne Doweg: «Ayca yaw, reyal
sarxalkat yii!» Doweg Edomeen ba rey
sarxalkat ya. Rey na bésub keroog juróom
ñett fukki nit ak juróom (85) ñuy sol
xar-sànnim lëe.

* **22.4** Maamaatu Daawuda bu jigéen, ab Mowabeen la woon. Seetal ci *Ruut* 4.

19 Waa Noob dëkkub sarxalkat ya it, mu
jam leen, leele ñawkay saamar; góor ak
jigéen, gone ya, ba ca ñay nàmp, ak nag
yaak mbaam yaak gàtt ya, lépp la leele
ñawkay saamar.
20 Jenn doomu Aximeleg miy doomu
Axitub doŋŋ a rëcc, te mooy Abyatar. Mu
daw, fekki Daawuda.
21 Mu yégal Daawuda ne ko Sawul reylu
na sarxalkati Aji Sax yi.
22 Daawuda ne Abyatar: «Xamoon naa
bésub keroog ne gannaaw Doweg
Edomeen baa nga fa woon, du ñàkk moos
mu nettali ko Sawul. Man mii maa gàddu
sa bakkani waa kër baay gépp.
23 Waaye toogal fii ci man, te bul ragal
dara. Ki lay wuta rey moo may wuta rey
man itam. Soo nekkee ci sama wet nag,
yiiru nga.»

# 23

## *Daawuda xettali na waa Keyla*

1 Mu am bés nag, ñu yégal Daawuda, ne
ko: «Waa Filisti de ña ngay song waa Keyla
xare. Ña ngay sëxëtoo dàgga ya.»
2 Daawuda diisook Aji Sax ji, ne ko:
«Ndax ma dem xarejeek waa Filisti?» Aji
Sax ji ne Daawuda: «Demal kay xareek
waa Filisti, xettali waa Keyla.»
3 Niti Daawuda ne Daawuda: «Waaw,
ndegam fii ci Yuda lanu tiite, astamaak bu
nu demee Keyla, ba janook làngi waa
Filisti!»
4 Daawuda dellu diisook Aji Sax ji, Aji
Sax ji ne ko: «Doxal dem Keyla, man, maay
teg waa Filisti ci say loxo.»
5 Ba mu ko defee Daawuda ànd aki
nitam dem Keyla, xareek waa Filisti,
duma leen duma yu réy, yóbbu seenug jur.
Noonu la Daawuda xettalee waa Keyla.
6 Ba Abyatar doomu Aximeleg dawee
fekki Daawuda ca Keyla, xar-sànni ma* la
indaale.
7 Ci kaw loolu ñu yegge Sawul ne ko
Daawuda dem na Keyla. Sawul ne: «Kon
de Yàllaa ko teg ci samay loxo, ndax ba mu
duggee biir dëkk bu tëje ràpp la tëj
boppam.»
8 Ba loolu amee Sawul woo gàngooram
gépp xare, ngir ñu dem Keyla, gawi
Daawudaaki nitam.
9 Daawuda nag yég ne moom la Sawul di
fexeel njekkar. Mu ne Abyatar sarxalkat
ba: «Indil xar-sànni mi.»
10 Mu indi ko, Daawuda ne: «Éy Aji Sax ji
Yàllay Israayil sama Boroom, dégg naa déy
ne Sawul a ngi waaja dikk Keyla gii, ñëw
tas dëkk bi ndax man.
11 Mbaa kilifay Keyla duñu ma teg ci
loxoom? Boroom bi, ndax li ma dégg ñu
naan Sawul a ngi ñëw, dëgg la? Éy Aji Sax ji
Yàllay Israayil, sama Boroom, ngalla wax
ma!» Aji Sax ji ne: «Dina ñëw.»
12 Daawuda ne: «Mbaa kilifay Keyla
duñu ma teg, maak samay nit ci loxol
Sawul?» Aji Sax ji ne ko: «Ahakay.»
13 Daawuda fabu mooki nitam, ñu wara
tollu ci juróom benni téeméer (600), daldi
bàyyikoo Keyla, di taxawaaloo fépp fu ñu
ñeme. Ba ñu yeggee Sawul ne Daawuda
jóge na Keyla, rëcc, Sawul yebbi.
14 Daawuda nag nekk ca xunt yu kawe
ya ca màndiŋ ma, toog foofa ca tund ya ca
màndiŋu Sif. Sawul di ko seet bés bu nekk,
waaye Yàlla tegul Daawuda cay loxoom.
15 Gannaaw gi, Daawuda yég ne Sawul
waajal na aw yoon ngir jël bakkanam.
Booba Daawudaa nga ca màndiŋu Sif ca
Orsa.
16 Ci biir loolu Yonatan doomu Sawul ja
dem Orsa ca Daawuda, di ko ñaax ngir mu
gëna dëgërloo Yàlla.
17 Mu ne ko: «Bul tiit. Loxol Sawul sama
baay du la jot. Yaw yaay falu Buur ci
Israayil, te maay doon sa bummi. Sama
baay ci boppam xam na loolu bu baax.»
18 Ci biir loolu ñu feddali seen kóllëre
ñoom ñaar fa kanam Aji Sax ji. Daawuda
des Orsa, Yonatan ñibbi këram.

## *Sawul topp na Daawuda*

19 Ba loolu amee waa Sif dem seeti
Sawul ca Gibeya, ne ko: «Daawuda de, ma
nga làqu fa nun. Ma nga ca xunt yu kawe
ya ca Orsa, ca kaw tundu Akila, fa féete
màndiŋ ma bëj-saalum.
20 Buur, saa yoo bëggee ñëw rekk, ñëwal.
Kon, Buur, nun noo koy teg ci say loxo.»

* **23.6 *xar-sànni ma:*** dañu ko daan seete ci Aji Sax ji.

21 Sawul ne leen: «Yal na leen Aji Sax ji
barkeel ndax yég ngeen ma.
22 Léegi demleen, xoolaat bu baax;
seetleen ba gis fu mu jaare ak ku ko fa gis,
ndax xamal nañu ma ne ku ñora ñor la.
23 Seetleen ba gis fépp fu mu mana làqu,
doora délsi fii ci man, indil ma lu leer. Su
ko defee ma ànd ak yeen. Su Daawuda
nekkee ci gox bi, dinaa topp tànkam ci biir
mboolem làngi Yudeen ñi.»
24 Ba loolu amee waa Sif jiituji Sawul ca
Sif. Fekk na Daawudaaki nitam ña nga
woon ca joor ga ca màndiŋu Mawon, fa
féete màndiŋ ma bëj-saalum.
25 Sawul aki nitam dem, di wër
Daawuda, ñu yegge ko Daawuda, mu dem
ba ca doj wa, làqu foofa ca màndiŋu
Mawon. Sawul yég ko, dàqi ko ca biir
màndiŋ ma.
26 Sawul a ngay deme ci wetu tund wii,
Daawudaaki nitam bartaloo wet ga ca des,
gaawtu di wéy, ngir rëcc Sawul. Naka la
Sawul ak mbooloom dem bay wër-ndombo
Daawuda aki nitam, ngir jàpp leen,
27 ndaw dikk ca Sawul ne ko: «Dikkal
gaaw, waa Filisti song nañu réew ma.»
28 Sawul nag fomm ndàqum Daawuda,
ngir dajejeek waa Filisti. Looloo waral
turu béreb boobu di Sela Amaxlekot (muy
firi Doju Rawukaay).

# 24

*Daawudaa gën Sawul fuuf*

1 Foofa la Daawuda bàyyikoo, dali ca
xunt yu kawe ya ca Engedi.
2 Naka la Sawul délsi, jóge ca ndàqum
waa Filisti, ñu ne ko: «Ndeke Daawudaa
nga ca màndiŋu Engedi!»
3 Ci kaw loolu Sawul jël ñetti junniy
(3 000) xarekat yu mu tànne ci bànni
Israayil gépp, ngir wëri Daawuda aki
nitam, ba fa dendeek tundi Sikket ya.
4 Mu dem ba tollook ay ngéddi xar ca
yoon wa; foofa am xunt a nga fa woon.
Mu dugg ca biir, di suturlu. Fekk na
Daawudaaki nitam a nga ca biir-a-biir
xunt ma, toog.
5 Ba mu ko defee niti Daawuda ya déey
Daawuda, ne ko: «Xoolal bésub tey jii la la
sa Yàlla Aji Sax ji noon: “Maa ngii, di teg
sab noon ci say loxo, nga def ko lu la
neex.”» Daawuda yoot ndànk, ba dagg ca
lafu mbubbum Sawul.
6 Ba loolu amee fitu Daawuda ne tërit
ndax la mu dagg ca lafu mbubbum Sawul.
7 Mu ne nitam ña: «Yal na ma Aji Sax ji
musal ba duma def sama sang, kii Aji Sax
ji fal, jëf ju tollu ni yékkati sama loxo jëme
ko ci moom, ndax moom mooy ki Aji Sax ji
fal.»
8 Kàddu yooyu la Daawuda dànkaafoo
nitam ña; mayu leen ñu dal ci kaw Sawul,
ba Sawul jóge ca xunt ma, dem yoonam.

9 Daawuda nag génn xunt ma, woo
Sawul, ne ko: «Éey, Buur sama sang!»
Sawul geesu; Daawuda sukk, sujjóot, dëpp
jëëm fa suuf,
10 daldi wax Sawul ne ko: «Lu waral
ngay déglu ku la naan: “Daawuda mii sa
musiba lay wut.”
11 Bés a ngii tey, nga gisal sa bopp ni la
Aji Sax ji tege tey ci samay loxo ci biir xunt
mi. Nee nañu ma, ma rey la, waaye dama
laa xool bëtu ñeewante. Maa ne duma
yékkati mukk sama loxo jëme ko ci sama
sang, ndax mooy ki Aji Sax ji fal.
12 Te xoolal, baay, xoolal rekk sa daggitu
mbubb wii ci sama loxo. Gannaaw maa ko
dagge ci sa mbubb te reyuma la, war ngaa
xam nag xéll ne naruma genn mbon mbaa
pexem fippu, te tooñuma la. Yaw kay yaa
may rëbb, ngir jël sama bakkan.
13 Yal na Aji Sax ji àtte sama digganteek
yaw. Yal na ma Aji Sax ji feyul ci yaw,
waaye du sama loxoo lay dal mukk.
14 Mooy la ñu léeb bu yàgg rekk ne: “Ku
bon, mbon rekk.” Man nag sama loxo du
la dal mukk.
15 Ana sax ku buurub Israayil jóg, di
dàqi? Ab xaj bu dee, aw fel doŋŋ lay dàq!
16 Aji Sax jeey àttekat bi, te mooy àtte
sama digganteek yaw. Yal na ma geesu te
sàmm sama àq. Yal na ma jox dëgg, ba
génne ma ci say loxo.»

17 Ba Daawuda waxee Sawul kàddu
yooyu ba daaneel, Sawul da ne: «Éy
Daawuda, doom, loolu sa baat la moos?»,
daldi ne yikkét jooy.
18 Mu ne Daawuda: «Dëgg déy nga am ci
sama kaw, ndax yaa ma defal lu baax, ma
fey la lu bon!

19 Yaa ma wax lu baax li nga ma defal
tey; Aji Sax ji teg ma ci say loxo, te reyuloo
ma.
20 Ana kuy jekku noonam, wacc ko mu
dem ak jàmm? Yal na la Aji Sax ji fey lu
baax li nga ma defal bésub tey jii.
21 Léegi nag dama ne, xam naa ne dinga
doon buur moos, te nguurug Israayil dina
sax ci say loxo.
22 Kon nag giñal ma ci Aji Sax ji ne doo
dagg sama askan wi may wuutu, te doo
raafal sama tur ci sama waa kër baay.»
23 Ba mu ko defee Daawuda giñal Sawul
loolu, Sawul ñibbi këram, Daawuda ànd aki
nitam, dellu ca xunt mu kawe ma.

# 25

## *Samiyel faatu na*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Samiyel génn
àddina, Israayil gépp daje, dëj ko, daldi koy
denc ca këram ca Raama. Daawuda nag
fabu, wuti màndiŋu Paran.

## *Nabal gàntal na Daawuda*

2 Jenn waay a nga woon ca dëkk ba ñuy
wax Mawon. Amoon na alal foofa ca dëkk
ba ñuy wax Karmel; ku barele woon lool
la, amoon na ñetti junniy (3 000) xar ak
junniy (1 000) bëy. Mu nekkoon Karmel, di
watlu ay xaram.
3 Nabal la waa ji tuddoon, soxnaam di
Abigayil. Ndaw su yewwu la woon te
taaru, jëkkëram nag bokk ci giiru Kaleb, di
ku ñàng te soxor.
4 Ci biir loolu Daawuda dégge ca màndiŋ
ma ne Nabal a ngay watlu ay xaram*.
5 Mu yebal fukki ndaw, ne leen:
«Demleen Karmel, ngeen àgg ba ca Nabal.
Nuyulleen ma ko.
6 Ngeen ne ko Daawuda nee: “Fekkeel
déwén, yal nanga am jàmm, sa kër, jàmm,
lépp lu bokk ci yaw it, jàmm.
7 Dégg naa ne watkati jur yaa ngi wate ci
yaw. Say sàmm nag nekkoon nañook nun,
te soxorewunu leen, lenn lu bokk ci ñoom
it réerul, mboolem diir ba ñuy sàmm ca
Karmel.
8 Laajal rekk say surga, dinañu la ko
wax. Daawuda sa doom nag, sang bi, moo
lay ñaan nga yéwéne nu ci bésu tey bu rafet
bii nu dikke, te may nu, man ak samay nit,
loo am te yéene.”»
9 Ndawi Daawuda ya nag dikk, jottali
Nabal kàddu yooyu yépp ci turu Daawuda,
ba daaneel, ne tekk.
10 Nabal ne ndawi Daawuda: «Ana kuy
Daawuda? Kuy doomu Yese sax? Jamonoy
tey jaam yu baree ngi fàqe ci seeni sang.
11 Ana luy ndeyi may jël saab dund ak
samam ndox ak yàppu jur gi ma rendil
sama watkati jur, di ko jox ñu ma xamul
fu ñu jóge?»
12 Ba loolu amee ndawi Daawuda
walbatiku ñibbi. Ba ñu dikkee, daldi koy
yegge kàddu yooyu yépp.
13 Daawuda ne ndawam ya: «Ràngooleen
seeni saamar, yeen ñépp.» Ñu ràngoo seeni
saamar ñoom ñépp, Daawuda it ràngoo
saamaram, lu tollook ñeenti téeméeri (400)
góor ànd ak Daawuda, ñaari téeméer (200)
des ca seen cummikaay.

## *Jabaru Nabal def nag muus*

14 Ci biir loolu kenn ca surga ya wax
Abigayil jabaru Nabal, ne ko: «Ãa,
Daawuda de moo yebal ay ndaw yu jóge
ca màndiŋ ma, ngir nuyusi sunu sang,
waaye moom, da leena jànni.
15 Ndaxam nit ñooñu de, ñu baaxoon
lool lañu ci nun. Soxorewuñu nu, te
réerlewunu lenn it mboolem diir ba nu
bokkee ak ñoom aw yoon, ca àll ba.
16 Sunu kiiraay la nu woon guddi ak
bëccëg, la nu nekkoon ak ñoom lépp, di
sàmm gàtt yi.
17 Léegi nag seetal, ba xam loo ci wara
def, ndax musiba kat dëgmal na sunu sang
ak waa këram gépp. Moom nag dafa naqari
deret, ba maneesula wax ak moom.»
18 Ba mu ko defee Abigayil gaaw sàkk
ñaari téeméeri mburu ak ñaari mbuusi biiñ
ak juróomi gàtt yu ñu defar ak juróomi
natti peppum mbool ak téeméeri cabbi
reseñ ak ñaari téeméeri danki figg, boole ko
sëf ci ay mbaam.
19 Mu ne ay surgaam: «Jiituleen, maa ngi
topp ci yeen.» Nabal jëkkër ja nag, ndaw
sa waxu ko ci dara.

* 25.4 Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat aka ëcc, di ci defar ag wëñ. Bu ñu daan watlu seeni xar, xew mu réy la woon.

20 Naka la ndaw sa dawal mbaamam,
làqoo mbartalu tund wa, di wàcc ca xur
wa, ndeke Daawudaa nga ànd aki nitam,
di dajeek moom; ndaw sa ne pemm ca
ñoom.
21 Fekk na Daawuda doon wax naan:
«Ndeke kay neen laa doon wattoo
mboolem lu bokk ci kii ca màndiŋ ma, ba
lennam réerul; lu bon la ma feye lu baax.
22 Yal na ma Yàlla teg mbugal mu gëna
tar, ndegam maa wacc bët di sete kenn ku
bokk ci waa jii, kuy colal.»
23 Abigayil séen Daawuda, daldi gaaw
wàcc mbaam ma, ne gurub fa kanamam,
dëpp jëëm fa suuf, sujjóot.
24 Naka la ne fëlëñ ca tànki Daawuda, ne
ko: «Sang bi, naa tegoo tooñ gi, may ma
rekk, ma wax la. Ngalla sama sang, déglul
sama kàddu.
25 Sang bi, bul déglu mukk nit ku bon kii,
Nabal mii. Moom turam doŋŋ la wuyu,
ndax Nabal (muy firi Dof bi) la tudd, te
ndof la nekke. Man nag sang bi, gisuma
woon ndaw yi nga yebal.
26 Léegi nag sang bi, giñ naa ko ci Aji Sax
jiy dund, nga fekke tey, Aji Sax jee la teree
tuur deret tey, di feyul sa bopp. Muy say
noon, di ñi lay fexeel lu bon, yal naññu
bokk ak Nabal mii demin.
27 Sarica bii ma la indil nag, sang bi,
naññu ko jox xale yu góor yi topp ci yaw.
28 Sang bi, jéggal ma rekk ndax Aji Sax
jee lay defal moos kër gu yàgg. Kon nag,
Yàlla bu nit gis mukk lu bon ci yaw, sa
giiru dund.
29 Bu ñu la doon dàq, di wut sa bakkan,
yal na fekk sa bakkan dence ca ëmbu aji
dund ña, ca sa wetu Yàlla Aji Sax ji, sang bi.
Waaye sa bakkanub noon, yal na ko
mbaq, sànni fu sore.
30 Keroog, sang bi, bu la Aji Sax ji
defalee mboolem lu baax la mu la dig, ba
fal la, nga jiite Israayil déy,
31 su boobaa doo réccu, doo am
yaraange ci loo doon tuure deret ci neen,
mbaa loo doon feyul sa bopp. Te ngalla
sang bi, keroog bu la Aji Sax ji baaxee,
fàttalikul sab jaam.»
32 Daawuda ne Abigayil: «Cant ñeel na
Aji Sax ji Yàllay Israayil mi la yebal bésub
tey jii, ngir nga dogale ma.
33 Maa ngi lay gërëme sa njort, di la
gërëme sa jëmmu bopp jii ma teree tuur
deret, ngir feyul sama bopp.
34 Lu ko moy de, giñ naa ci Kiy dund, Aji
Sax ji Yàllay Israayil ji ma téye ba loruma
la, soo gaawul woon, dogalesi ma, du
kenn moos ku ñuy wacc, bët di ko sete ci
mboolem kuy colal te bokk ci Nabal.»
35 Ba loolu amee Daawuda nangoo ca
loxol ndaw sa la mu ko indil, daldi ne ko:
«Ñibbil ak jàmm. Dégg naa sa kàddu te
nangul naa la.»

## *Nabal dee, Daawuda dikk*

36 Ba mu ko defee Abigayil dellu ca
Nabal, fekku ko lu moy mu amal biir
këram bernde ju mel ni berndey buur. Xol
baa nga sedd, mu màndi lool, ba tax
Abigayil waxu ko dara ba bët set.
37 Ca suba sa ba mànditeb Nabal giifee,
jabaram wax ko la xew, xol ba jekki ne
goyy ca biir dënn ba, yaram wa daldi mel
niw doj.
38 Ñu teg ca lu tollook fukki fan, Aji Sax ji
dal ci kaw Nabal, mu dee.
39 Ci kaw loolu Daawuda dégg ne Nabal
dee na, mu ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji
sama Boroom mi àtte gàcce gi ma ame ci
Nabal, te tere maa def lu bon. Mbonug
Nabal la Aji Sax ji walbati, këpp ci kaw
boppam.» Daawuda nag yónnee kàddoom
ca Abigayil, ngir jël ko jabar.
40 Surgay Daawuda ya dem ca Abigayil
ca Karmel, wax ko ne ko: «Daawudaa nu
yónni fi yaw, ngir bëgg laa jël soxna.»
41 Abigayil daldi sujjóot, dëpp jëëm fa
suuf, ne leen: «Maa ngii dib jaamam, ba ci
raxas tànki surgaam yi.»
42 Ci kaw loolu Abigayil ne ñokket, war
mbaamam, juróomi surgaam yu jigéen ànd
ak moom, mu topp ca ndawi Daawuda ya.
Noonu la Abigayil doone soxnas
Daawuda.
43 Axinowam ma cosaanoo Yisreel itam,
Daawuda jëloon na ko soxna, ñuy wujje
ñoom ñaar.
44 Fekk na Sawul nangu doomam Mikal,
soxnas Daawuda, may ko waa Galim ba
ñuy wax Palti doomu Layis.

# 26

## *Daawuda gënati na Sawul*

1 Waa Sif ñoo demoon ca Sawul ca
Gibeya, ne ko: «Yéguloo ne Daawudaa nga
làqu ca tundu Akila, fa janook màndiŋ
ma?»
2 Sawul dem ba ca màndiŋu Sif, ànd ak
ñetti junniy (3 000) ñeyi xarey Israayil, ngir
rëbb Daawuda ca màndiŋu Sif.
3 Ba mu ko defee Sawul dale ca wetu
yoon wa, ca kaw tundu Akila, janook
màndiŋ ma. Daawuda ma ca màndiŋ ma
nag yég ne Sawul toppsi na ko foofa.
4 Mu yebal ay ndaw yu ko nemmikujil,
ba mu wóor ko ne Sawul agsi na.
5 Ci kaw loolu Daawuda dem ba fa
Sawul dal. Mu gis fa Sawul tëdd, mook
Abner doomu Ner njiital gàngooram.
Sawul a nga tëdd ca digg dal ba, gàngoor ga
tëdd, yéew ko.
6 Daawuda daldi laaj Aximeleg Etteen
ba, ak Abisay ma Ceruya di yaayam, te mu
bokk ak Yowab. Mu ne leen: «Kuy ànd ak
man dem ca biir dal ba, fa Sawul?» Abisay
ne ko: «Man maay ànd ak yaw.»
7 Daawuda ànd ak Abisay ci guddi, ba fa
dalu gàngoor ga. Ndeke Sawul a nga tëdd di
nelaw ca digg dal ba, xeejam baa nga
sampe fa suuf, féeteek bopp ba, Abner ak
gàngoor gaa nga tëdd, yéew ko.
8 Abisay ne Daawuda: «Yàlla de teg na
sab noon ci say loxo guddig tey jii. Bàyyil
rekk ma daaj ko xeej bi fi suuf benn yoon
rekk, du ñaar!»
9 Daawuda ne Abisay: «Bu ko rey. Ana
kuy yékkati loxoom ci kaw ki Aji Sax ji fal,
te yoon dabu ko?»
10 Daawuda teg ca ne ko: «Giñ naa ci Aji
Sax jiy dund, Aji Sax ji ci boppam moo koy
duma. Yaar, àppam jot, mu dee, mbaa mu
dem xare, des ca.
11 Waaye yal na ma Aji Sax ji musal ci
yékkati sama loxo ci kaw ki Aji Sax ji fal.
Xanaa nga jël rekk xeej bi féeteek bopp bi
ak njaqal ndox li, te nu dem.»
12 Daawuda nag jël xeej baak njaqal
ndox la féeteek boppu Sawul. Ñu daldi
dem te kenn gisul, kenn yégul, kenn
yewwuwul, ndax ñépp a ngay nelaw
nelaw yu xóot yu bawoo ci Aji Sax ji,
daanu ci seen kaw.
13 Ba loolu amee Daawuda jàll ba ca
wàlla, daldi taxawe fu sore ca kaw tund
wa, digganteem ak dalub Sawul ne
yàmblaŋ.
14 Mu àddu ca kaw, wax ak gàngoor ga,
daldi ne Abner doomu Ner: «Éey Abner,
doo ma wuyu?» Abner ne ko: «Yaw yaa di
kan bay joor Buur?»
15 Daawuda ne Abner: «Xanaa doo
jàmbaaru góor? Ku fiy sa moroom ci
Israayil? Ana lu la tee wattu Buur, sab
sang? Am na ci xarekat yi ku bóomsi woon
Buur, sab sang.
16 Xam nga ne li nga def baaxul de! Giñ
naa ko ci Aji Sax jiy dund, dee rekk ngeen
yelloo, yeen ñi wattuwul seen sang, ki Aji
Sax ji fal! Xoolal bu baax, ana xeeju Buur
ak njaqal ndox li féete woon ak boppam?»
17 Ci kaw loolu Sawul xàmmee baatu
Daawuda, ne ko: «Daawuda doom, loolu sa
baat a?» Daawuda ne ko: «Sama baat a
kay, Buur, samab sang,»
18 daldi cay teg ne ko: «Sang bi, looy
toppe nii sab jaam? Ana lu ma def? Lan
laa def ci lu bon?
19 Ngalla Buur, sama sang, déglul lii ma
lay wax: su fekkee ne Aji Sax ji moo la xiir
ci sama kaw, yal na ko cib sarax giifal.
Waaye su dee ay doom aadama de, yal
nañu alku ci kanam Aji Sax ji, ndax dàq
nañu ma tey, ba xañ ma ab cér ci Aji Sax ji,
mbete ku ñu ne: “Demal jaamuji yeneen
yàlla.”
20 Man de yàlla bu sama bakkan rote àll,
fu soreek Aji Sax ji. Te sax, lu tollu ni
buurub Israayil ci boppam wutul lu moy
wenn fel doŋŋ wu mel ni man? Mbete kuy
rëbb cokkeer ci tund yi!»
21 Sawul nag ne: «Bàkkaar naa de!
Daawuda doom, ñibbisil, ndax dootuma la
fexeel mukk, gannaaw yaa wormaal sama
bakkan tey jii! Lii ma def kay, yëfi dof la,
juum naa lool sax.»
22 Daawuda ne ko: «Buur, sa xeej a ngii,
na kenn ci sa xale yu góor yi jàllsi, jëlsi ko.
23 Yal na Aji Sax ji yool ku nekk ndax li
mu def njekk ak li mu sàmm kóllëreem ak
moom, ndax Aji Sax jee la teg tey jii ci

sama loxo, waaye maa bëggula yékkati
sama loxo ci kaw ki Aji Sax ji fal.
24 Ni ma yéemloo sa bakkan tey jii nag,
yal na ni Aji Sax ji yéemloo sama bakkan,
te xettalee ma ni ci gépp njàqare.»
25 Sawul ne Daawuda: «Daawuda doom,
yal nanga barkeel. Dinga def ay jaloore
déy, te dinga am ndam moos!» Ba mu ko
defee Daawuda dem yoonam, Sawul
walbatiku, ñibbi.

# 27

*Daawuda làquji na ca waa Filisti*

1 Daawuda nag ma nga naan ca xelam:
«Bés a ngi ñëw bu ma nara sànku ci loxol
Sawul. Li gën ci man daal, du lenn lu moy
daw a daw ba ca réewu waa Filisti, ba
Sawul tàyyi maa rëbbati ci Israayil gépp,
ma daldi mucc.»
2 Ba loolu amee Daawuda ak juróom
benni téeméeri (600) nit ña ànd ak moom,
daldi jàll ba ca buurub Gaat*, Akis doomu
Mawog.
3 Daawuda dal ca Akis ca Gaat, mook ay
nitam, ku ci nekk ak njabootam; Daawuda
ak ñaari soxnaam, Axinowam waa Yisreel
ba, ak waa Karmel ba, Abigayil, soxnas
Nabal woon.
4 Ba ñu waxee Sawul ne ko Daawuda
daw na, dem Gaat, Sawul rëbbatu ko.
5 Daawuda nag ne Akis: «Ngalla baaxe
ma, may ma fi ab gox ci dëkki àll bii, ma
man faa dëkke; ndax man sab surga laa,
warumaa bokk dëkk ak yaw ci péeyu
buur.»
6 Bésub keroog la ko Akis jox dëkk ba ñuy
wax Ciglaag. Moo tax Ciglaag ñeel buuri
Yuda ba tey jii.
7 Diir ba Daawuda dal ca àllub Filisti, at
la ak ñeenti weer.
8 Ci biir loolu Daawuda aki nitam daan
nañu song-songee Gesureen ñi ak
Giraseen ñi ak Amalegeen ñi. Mooy ña
dëkke woon naka jekk réew mooma, ba ca
Sur, jàpp réewum Misra.
9 Saa yu Daawuda songaan gox ba, du ca
wacc kuy dund; du góor, du jigéen, te it day
lël jur gu gudd ak gu gàtt, mbaam ak
giléem aki yére. Su ko defee mu walbatiku,
dellu ca Akis.
10 Bu ko Akis laajee ne ko: «Fu ngeen lële
woon tey?» Daawuda ne ko: «Xanaa wetu
Negew† ca Yuda,» mbaa «Xanaa wetu
Negew ca Yeraxmeleen ña,» mbaa mu ne
ko: «Xanaa wetu Negew ca Keñeen ña.»
11 Moo tax du genn góor mbaa jigéen ju
Daawuda masa bàyyi mu dund, di ko indi
Gaat, ndax ragal ñu nettali lu jëm ci ñoom,
naan nàngam ak nàngam la ñoom Daawuda
def. Noonu la jàppoo woon mboolem diir
ba mu dal ca àllub Filisti.
12 Akis nag amoon na kóolute ci
Daawuda, ndax da doon wax ci xelam
naan: «Kii de yóbbe na boppam mbañeel gu
ko bokki bànni Israayilam bañ lool. Moo
tax sama surga rekk lay doon ba fàww.»

# 28

1 Jamono yooyu nag waa Filistee dajale
woon seeni gàngoori xare, ngir xeex ak
Israayil. Akis ne Daawuda: «Xanaa moos
xam nga ne man ngay àndal ci xare bi de,
yaak say nit?»
2 Daawuda ne Akis: «Kon nag, sang bi,
yaay gisal sa bopp li may def.» Akis ne ko:
«Kon nag, def naa la sama dagu bopp ba
fàww.»

*Sawul seetluji na ca Endor*

3 Samiyel nag faatu woon na, ba Israayil
gépp dëj ko, denc ko ca Raama, dëkkam ba.
Te itam Sawul mujjoon naa génne réew ma
ñiy gisaane nit ñu dee ak boroom rawaan
yiy gisaane.
4 Ci kaw loolu waa Filisti daje, dali ca
dëkk ba ñuy wax Sunem; Sawul ànd ak
bànni Israayil gépp, ñu dali ca Gilbowa.
5 Sawul gis gàngooru waa Filisti, daldi tiit
lool ba fit wa rëcc.
6 Mu seetlu ci Aji Sax ji, Aji Sax ji
wuyuwu ko; du ci gént, du ci jumtukaayu
tegtal bi ñuy wax Urim, du ci kàddug
yonent.
7 Sawul wax ay jawriñam, ne leen:
«Seetalleen ma jigéen juy gisaane nit ñu dee,
ma seetluji ci moom.» Jawriñ ya ne ko:
«Xanaa jigéenu gisaanekat ba ca Endor.»
8 Ba mu ko defee Sawul soppiw melo, sol
yeneen yére, daldi ànd ak ñaari nit ag
guddi, ba ca jigéen ja. Mu ne ko: «Ngalla

* **27.2** ***Gaat*** péeyu waa Filisti la woon. † **27.10** ***Negew:*** mu nga féete bëj-saalum.

gisaaneel ma ci ab rawaan, te nga wool
ma ku dee ki ma lay tudd!»
9 Jigéen ji ne ko: «Ma ne, yaw ci sa bopp
xam nga li Sawul def; moo génne réew mi
ñiy gisaane nit ñu dee ak boroom rawaan
yiy gisaane. Kon loo may fiire, nar maa
reylu?»
10 Sawul giñal ko ci Aji Sax ji, ne ko: «Giñ
naa ci Aji Sax ji, Kiy dund, mbugal du la ci
fekk.»
11 Jigéen ji ne ko: «Ku ma lay wool?» Mu
ne ko: «Samiyel nga may wool.»

12 Naka la jigéen ja gis Samiyel, daldi
yuuxu ca kaw ne Sawul: «Lu tax nga nax
ma? Yaw kay ndeke yaa di Sawul!»
13 Buur Sawul ne ko: «Bul tiit, loo gis?»
Mu ne ko: «Ab njuuma laa gis, muy yéege
fa suuf.»
14 Mu ne ko: «Nu mu mel?» Mu ne ko:
«Góor gu mag ay yéegsi. Mu ngi sàngoo
mbubb.» Sawul xam ne Samiyel la, daldi
sukk, sujjóot, dëpp jëëm fa suuf.
15 Samiyel ne Sawul: «Ana loo may
woowe, di ma yékkatee nii?» Sawul ne ko:
«Damaa nekk ci njàqare lu réy. Waa Filistee
ngi xareek man, te Yàlla dëddu na ma.
Wuyootu ma, du ci kàddug yonent, du ci
gént. Moo tax ma woo la, ngir nga xamal
ma lu may def.»
16 Samiyel ne ko: «Loo may laaj,
gannaaw Aji Sax jee la dëddu, def la ab
noon?
17 Aji Sax jee sottal la mu waxoon, ma
jottali ko, te Aji Sax jee foqati nguur gi ci
say loxo, jox ko sa jegeñaale, muy
Daawuda.
18 Yaa déggalul Aji Sax ji, jëfewuloo
tàngooru meram ngir mbugal Amalegeen
ñi. Loolu moo waral lii la Aji Sax ji teg tey
jii.
19 Te itam Aji Sax jee lay booleek
Israayil, teg ci loxol waa Filisti. Nëgëni
ëllëg, yaw yaak say doom, dingeen ma
fekksi. Te it dalub Israayil, Aji Sax jee koy
teg ci loxol waa Filisti.»

20 Sawul nag jekki ne dàll fa suuf, tàlli
ñareet, tiitaange ju réy jàpp ko ndax kàdduy
Samiyel. Rax ci dolli amul woon genn
kàttan, ngir lekkul woon dara bëccëg baak
guddi ga gépp.
21 Jigéen ja dikk, gis Sawul mu jàq lool.
Mu ne ko: «Aa, sang bi, man de déggal naa
la. Jaay naa sama bakkan, def li nga ma
sant.
22 Léegi nag, déggal ma rekk sang bi, ma
may la tuuti loo lekk, ba am doole, doora
topp yoon wi.»
23 Sawul lànk, ne ko: «Déedéet,
lekkuma!» Jawriñam ña nag soññ ko, ñook
jigéen ja, ba mu déggal leen. Mu jóge ca
suuf, toog ca kaw lal ba.
24 Jigéen ja amoon na sëlluw yar ca kër
ga. Mu gaaw rey ko, daldi sàkk sunguf,
noot ko, lakk ca mburu mu amul lawiir.
25 Ba mu ko defee mu taajal ko Sawul,
mooki nitam. Ñu lekk ba noppi, bàyyikoo
fa guddig keroog.

# 29

*Waa Filisti dàq nañu Daawuda*

1 Gàngoori waa Filisti yépp a daje woon
ca Afeg. Israayil a nga dale woon ca wetu
bëtu ndox ba ca Yisreel.
2 Kàngami waa Filisti yaa ngay jaab jiitu,
ànd ak seen kuréeli téeméeri xarekat ak
kuréeli junni. Daawudaaki nitam ànd ak
Akis, jaab topp seen gannaaw.
3 Kilifay waa Filisti ne: «Ebrë yii, nag?»
Akis wax ak kilifay waa Filisti, ne leen:
«Xanaa du Daawuda, surgab Sawul
buurub Israayil? Lu ëpp at a ngii mu nekk
ak man, te gisuma ci moom sikk, ba mu
teqalikook Sawul, ba bésub tey jii.»
4 Kilifay waa Filisti nag ñéññ ca daldi ne
ko: «Wañ̃il waa jii, mu dellu ca gox ba nga
ko teg. Bumu ànd ak nun ci xare bi, bay
walbatiku di sunub noon ci biir xare bi.
Ana lu koy jubaleeteek sangam, lu moy
mu dog boppi nit ñii, jox ko?
5 Xanaa du Daawuda mii lañuy woyal, di
fecc, naan:
“Sawul jam junneem,
Daawuda jam fukki junneem”?»
6 Ci kaw loolu Akis woo Daawuda, ne ko:
«Giñ naa ci Aji Sax ji, Kiy dund, ku jub nga,
te doon naa rafetlu sa ànd ak man, di
xarejeeka dikk, ndax bés ba nga dikkee fi
man ba tey jii, gisuma ci yaw lu bon.
Waaye nag kàngami Filisti ñoo rafetluwul
sa teewaay.

7 Kon nag waññikul, te dem ak jàmm bala
ngaa def lenn lu kàngami Filisti
rafetluwul.»
8 Daawuda ne Akis: «Ana lu ma def, ak
loo ma gisal, bés ba ma dikkee fi yaw, ba
bésub tey jii, ba tax duma xarejeek nooni
Buur sang bi?»
9 Akis ne Daawuda: «Dara! Xam naa
loolu. Bége naa la it ni ndawal Yàlla.
Kilifay Filisti kay a ma ne: "Bumu ànd ak
nun ca xare ba."
10 Kon teelala fabu ëllëg, yaak sa surgay
sang yi nga àndal. Dangeen di teela jóg
rekk, bu bët setee ngeen dem.»
11 Ca ëllëg sa nag Daawuda teela fabu,
mooki nitam, ngir dellu réewum Filisti,
waa Filisti ñoom jubal Yisreel.

# 30

*Daawuda toppi na Amalegeen ña*

1 Ba Daawuda aki nitam àggee Ciglaag,
ca gannaaw ëllëg sa la. Fekk na
Amalegeen ña song bëj-saalumu Yuda ak
Ciglaag; ñu yàqate Ciglaag, lakk ko,
2 jàpp jigéen ña mu fa fekk, mag ak
ndaw. Reyuñu ca kenn nag, dañu leena
yóbbaale, dem seen yoon.
3 Ba Daawudaaki nitam agsee Ciglaag,
fekk nañu mu lakk ba jeex; seeni jabar ak
seeni doom, góor ak jigéen, ñépp dugg cig
njaam.
4 Daawudaak mbooloo ma mu àndal nag
di yuuxooka jooyoo, ba amatuñu dooley
jooy.
5 Ñaari soxnay Daawuda lañu jàpp;
Axinowam mu Yisreel ak Abigayil waa
Karmel ba, soxnas Nabal woon.
6 Ba loolu amee Daawuda jàq lool, ndax
mbooloo maa nga doon wax naan dañu
koy dóori doj. Booba mbooloo ma ba mu
daj, ku nekk a ngaak naqaru xol, di xalaat
doomam yu góor ak yu jigéen. Daawuda
nag dëgërloo Yàllaam Aji Sax ji rekk.
7 Ci biir loolu Daawuda wax ak
sarxalkat ba Abyatar doomu Aximeleg, ne
ko mu indil ko xar-sànni mi. Abyatar indil
Daawuda xar-sànni ma.
8 Daawuda laaj Aji Sax ji, ne ko: «Ndax
ma topp gàngooru yàqkat yii? Ndax dinaa
leen dab?» Mu ne ko: «Demal, yaay dabe
dëy, te yaay xettalee dëy.»
9 Ba mu ko defee Daawuda dem, mook
juróom benni téeméeri (600) nit ña ànd ak
moom. Ñu dem ba ca xuru Besor, ñenn ña
yem fa.
10 Daawudaa ñoqali, mook ñeenti
téeméeri (400) nit, ñaari téeméeri (200) nit
yem foofa, ndax loof, ba manuñoo jàll
xuru Besor.
11 Ci kaw loolu ña jàll yem ci jenn waayu
Misra ci àll bi. Ñu indi waa ji ba ci
Daawuda, daldi may waa ji mburu mu
lekk, may ko ndox, mu naan.
12 Ab danku figg ju wow ak ñaari danki
reseñ lañu ko leel, mu doora leqaliku,
ndax dafa fekk lekkul, naanul diiru ñetti
guddi ak ñetti bëccëg.
13 Daawuda ne ko: «Yaw, kuy sab sang ak
foo bokk?» Xalelu góor ba ne ko: «Man waa
Misra laa, di jaamub jenn waayu
Amalegeen. Sama sang a ma wacc, ba ma
woppee bërkaati-démb.
14 Noo song wetu Negew ca diiwaanu
waa Keret ña, ak diiwaanu Yuda, ak wetu
Negew ca diiwaanu Kaleb, te Ciglaag, noo
ko lakk.»
15 Daawuda ne ko: «Ndax man nga maa
yóbbu ba ci gàngooru yàqkat yooyu?» Mu ne
ko: «Giñal ma ci Yàlla ne, doo ma rey, te
doo ma delloo ca sama sang; kon dinaa la
yóbbu ba ci gàngooru yàqkat yi.»
16 Ci kaw loolu waa ja yóbbu Daawuda,
ndeke nit ñaa nga ne wesar ca àll ba bépp,
di lekk aka naan, di mbumbaaye
mboolem alal ju bare ja ñu nangoo ca
réewum Filisti ak réewum Yuda.
17 Daawuda nag di leen faat, njël ba ca
ngoon. Kenn rëccul, lu moy ñeenti téeméeri
(400) xale yu góor yu war ay giléem, daw.
18 Daawuda nangu mboolem lu
Amalegeen ña jëloon, nangu ñaari
soxnaam.
19 Dara lu bokk ci ñoom rawul. Mag ñaak
ndaw ñaak seen doom yu góor ak seen
doom yu jigéen ak alal jaak mboolem lu ñu
leen jëlaloon. Lépp la Daawuda delloosi.
20 Mu nangu mboolem jur gu gudd ak gu
gàtt, nitam ña dàq, tofal ca juru Amalegeen
ña, te naan: «Lëlub Daawudaa ngi!»

*Daawuda wone na ngor*

21 Daawuda nag dikk ba ca ñaari téeméer
ña loofoon ba manuñu koo topp, te ñu

bàyyi woon leen ca xuru Besor. Naka lañu
gatandu Daawuda ak ña mu àndal,
Daawuda dikk, dajeek ñoom, jàmmanteek
ñoom.
22 Mboolem ñu bon ñaak ñu sew ña
jàllandoo woon ak Daawuda nag ne leen:
«Gannaaw ñii ànduñu woon ak nun, dunu
leen jox dara ci alal ji nu nangu. Xanaa ku
nekk jël jabaram aki doomam rekk, yóbbu
te dem.»
23 Daawuda ne leen: «Déet bokk yi,
buleen def noonu, ak li nu Aji Sax ji defal,
aar nu, teg gàngooru yàqkat yi nu songoon
ci sunuy loxo.
24 Ana nu xel mana nangoo loolu? Na ku
xarejeek ku desoon ca cummikaay la, yem
ak sa moroom cér; ñépp ay séddu.»
25 Bésub keroog la Daawuda dale def
loolu mu dib dogal, di àtteb yoon bu ñeel
Israayil ba tey jii.

*Daawuda sédd na njiiti Yudeen ña*

26 Ba Daawuda delloo Ciglaag, sédd na
ca lël ja magi Yuda, xaritam ya. Mu yónnee
leen ko, ne leen: «Lii, yeenay boroom;
xéewal la gu jóge ca alalu nooni Aji Sax ji.»
27 Noonu la ca sédde waa Betel ak waa
Ramot Negew ak waa Yatir
28 ak waa Arower ak waa Sifmot ak waa
Estemowa
29 ak waa Rakal ak waa dëkki
Yeraxmeleeen ña ak waa dëkki Keñeen ña
30 ak ña ca Xorma ak ña ca Bor Asan ak
ña ca Atakk
31 ak ña ca Ebron ak mboolem waa gox
ya mu jaare woon, mooki nitam.

# 31

*Lu jëm ci mujug Sawul*

1 Am na bés waa Filisti song bànni
Israayil. Bànni Israayil won waa Filisti
gannaaw, daw, ñu bare daanu dee ca
tundu Gilbowa.
2 Ci biir loolu waa Filisti ne dann Sawul
aki doomam yu góor, rey ca Yonatan ak
Abinadab ak Malkisuwa, doomam yu góor
yooyu.
3 Xare ba nag gëna mettee fa Sawul féete,
fittkat ya jekku ko, mu tiit lool.
4 Ci kaw loolu Sawul ne gàddukatu
gànnaayam: «Boccil sa saamar, jam ma ba
mu fëll; lu ko moy paaxe yii dikk, jam ma,
toroxalsi ma.» Waaye gàddukatu
gànnaayam nanguwul ndax tiitaange ju
réy. Sawul jël saamaru boppam, daldi
daaneel boppam ca kaw ñawka ga.
5 Gàddukatu gànnaay ba gis ne Sawul dee
na, moom it mu daaneel boppam ca kaw
saamaram, dee, topp Sawul.
6 Muy Sawul, di ñetti doomam yu góor, di
gàddukatu gànnaayam itam, di mboolem ay
nitam, ñoom ñépp a bokk dee bésub keroog.
7 Ci kaw loolu bànni Israayil ya ca wàllaa
xur wa, ak ña ca wàllaa dexu Yurdan gis ne
xarekati Israayil ya daw nañu, te Sawul
aki doomam yu góor dee nañu. Ñu daldi
daw, gental seeni dëkk, waa Filisti dikk,
wuutu leen ca.
8 Ca ëllëg sa, ba waa Filisti dikkee, di
futtisi néew ya, ca kaw tundu Gilbowa
lañu fekk Sawul ak ñetti doomam yu góor,
ñu tëdd.
9 Ñu dog boppu Sawul, jël ay gànnaayam,
ba noppi yeble ca réewum Filisti ba mu
daj, ngir yégle seen ndam la ca seen këri
tuur ya ak ca askan wa.
10 Gannaaw gi, ñu denc gànnaayi Sawul
ca seen biir kër tuur ma ñuy wax Astàrt.
Néewub Sawul, ñu wékk ko ca tatay dëkk ba
ñuy wax Bet San.
11 Ba waa Yabes Galàdd déggee la waa
Filisti def Sawul,
12 jàmbaar ñépp a fabu, topp guddi ga
gépp ba Bet San. Ñu wékkee ca tatay Bet
San néewub Sawul ak néewi doomam yu
góor, doora ñibbi Yabes, boole fa néew ya,
lakk.
13 Ñu for nag seeni yax, suul ca ron
garab gu mag ga ca Yabes, ba noppi ñu
woor juróom ñaari fan.

# 2.Samiyel
## di téereb ñaareel bi

Téereb *2.Samiyel* moo indi jaar-jaari Buur Daawuda ak ndamam. Indi na tamit fan yu lëndëm ci dundam: digganteem ak ndaw sa Batseba ca la, ak fippu ga doomam Absalom jiite woon. Teewul Daawuda mooy ku jikkoom juboo ak xolu Yàlla, ni ko Yàlla ci boppam waxe. Gaawoon na ci nangu ay tooñam, te di tuub, di ñaan Yàlla mu jéggal ko.

Ci tënk:

1.1—6.23 Lu jëm ci palug Daawuda ak ndoortel nguuram.
7.1-29 Yàlla fas na kóllëre ak Daawuda.
8.1—10.19 Daawuda am na ay ndam ci ay noonam.
11.1—12.25 Daawuda moy na Yàlla, Yonent Yàlla Natan ŋàññ ko.
12.26—21.22 Lu jëm ci nguurug Daawuda ak gàllankoor ya.
22.1—24.25 Daawuda biral na cantam gu mujj, nguuram di amati gàllankoor.

## Lii mooy jaar-jaari Buur Daawuda

*(Saar 1—20)*

### *Lu jëm ci tàggeb Sawul*

1 Gannaaw ba Sawul faatoo, fekk na Daawuda walbatikoo ca dumay Amalegeen ña, dellu Ciglaag, ba toog fa ñaari fan.
2 Ca gannaaw ëllëg sa, jenn waay ne jimeet, jóge ca dalub Sawul, dikk. Yére yaa nga xottiku, bopp ba taq suuf, ngir naqarlu. Naka la agsi ci Daawuda, daldi daanu fi suuf, sujjóot.
3 Daawuda ne ko: «Foo jóge nii?» Mu ne ko: «Ca dalub Israayil laa rëcce.»
4 Daawuda ne ko: «Lu xew, gaawe ma!» Mu ne ko: «Mbooloom Israayil a dawe ca xare ba. Ñu bare ca ñoom daanu nañu, dee. Sawul ak doomam Yonatan it dee nañu.»
5 Daawuda ne ndaw la: «Lu la xamal ne Sawul ak doomam Yonatan dee nañu?»
6 Ndaw la ne ko: «Dafa yemook ma tollu tembe ca kaw tundu Gilbowa. Ndeke Sawul a nga fa, sukkandikoo xeejam. Watiiri xare yaak gawar ya defuñu lu moy ne ko dann.
7 Naka la ne gees, yem ci man, woo ma, ma wuyu.
8 Mu ne ma: “Yaa di kan?” Ma ne ko: “Ab Amalegeen laa.”
9 Mu ne ma: “Kaay fii, jekkali ma. Maa ngi ci miirum dee, doonte dese naa tuuti.”
10 Ma dikk, daldi koy jekkali, ndax xamoon naa ne du dundati gannaaw jéllam ba. Ma summi nag mbaxanam buur ma mu soloon, tekki lam ba woon ca përëg ma. Yooyu laa la yótsi nii, sang bi.»
11 Ba loolu amee Daawuda sëq yéreem, xotti, ña ànd ak moom ñépp itam, noonu, ndax aw naqar.
12 Ñaawlu nañu, di jooy, lekkuñu ba ca ngoon ndax Sawul ak doomam Yonatan ak gàngooru Aji Sax ji, ak waa kër Israayil ña ñu reye saamar.
13 Daawuda ne ndaw la: «Ana foo bokk?» Mu ne ko: «Man doomu doxandéemub Amalegeen laa.»
14 Daawuda ne ko: «Noo saña xàcce sa loxo, di bóom ki Aji Sax ji fal?»
15 Daawuda nag woo kenn cay surgaam, ne ko: «Dikkal dóor, mu dee!»
16 Daawuda ne Amalegeen ba: «Yaa gàddu sa bakkanu bopp, ndax yaa seedee sa gémmiñu bopp ne yaa rey ki Aji Sax ji fal.» Surga ba dóor Amalegeen ba, mu dee.

### *Daawuda jooy na Sawul ak Yonatan*

17 Kàddu yii la Daawuda jooye Sawul ak doomam Yonatan.
18 Moo santaane ñu jàngal ko askanu Yuda. «Fittkat» lañu dippee woy wi. Nii lañu ko binde ci Téereb aji jub ji. Mu ne:

19 Wóoy Israayil, ña ngay sagoo lañu jam,
ñu ne lareet ca sa tund ya!
Jàmbaar ñaa daanu!

20 Buleen ko siiwal fa Gaat,
buleen ko yéene fa mbeddi Askalon,
lu ko moy janqi Filisti bég,
janqi yéefar yiy tex-texi.

21 Wóoy tundi Gilbowa!
Yàlla bu ngeen lay, bu ngeen tawlu.
Yàlla bu seeni tool nangooti, ba duunal
njoxem pepp,

nde foofa lees toroxale pakkub jàmbaar.
Wóoy pakkub Sawul ba deesul diwati!
22 Du deret mbaa nebbonu jàmbaar bu
fittug Yonatan xof,
te saamaru Sawul ba du sooy!

23 Wóoy Sawul ak Yonatan,
ñoo yiw, sopplu ba ñuy dund,
te ba ñu deewee, teqalikoowuñu.
Ag jaxaay, ñoo ko gëna gaaw,
te gaynde, ñoo ko gëna jàmbaare.

24 Yeen jigéeni Israayil, jooyleen Sawul ma
leen wodde
ndimol tànnéef lu xonq curr,
takkal leen gànjari wurus ca seen kawi
yére.

25 Jàmbaar ñaa daanoo biir xare ba,
Yonatan lañu jam ca kaw tund ya!
26 Yonatan, doom yaay, tiisoo naa la,
dama laa soppoon lool,
te sa mbëggeel ci man yéeme,
ba raw mbëggeelu jigéen.

27 Jàmbaar ñaa daanu,
ngànnaayi xare ya sànku!

# 2

## *Daawuda falu na buur ca Yuda*

1 Gannaaw ba loolu weesoo Daawuda
daa laaj Aji Sax ji, ne ko: «Ndax ma dellu ci
dëkki Yuda yi benn?» Aji Sax ji ne ko:
«Demal.» Daawuda ne ko: «Bu ma ciy
dem?» Aji Sax ji ne ko: «Ebron.»
2 Daawuda dem ca, ànd ak ñaari
soxnaam, Axinowam ma cosaanoo
Yisreel, ak Abigayil ma doon jabaru Nabal
waa Karmel ba.
3 Daawuda nag yóbbaale nit ña ànd ak
moom, kenn ku ci nekk ak njabootam, ñu
dem sanci ca dëkk ya wër Ebron.
4 Ba mu ko defee waa Yuda dikk, diw fa
Daawuda, fal ko buurub waa kër Yuda.
Gannaaw gi, ñu wax Daawuda ne ko
waa Yabes Galàdd ñoo rob Sawul.
5 Daawuda yónnee ay ndaw ca waa
Yabes Galàdd, wax leen ne leen: «Yal na
leen Aji Sax ji barkeel ndegam yeena jëfe
ngor seen digganteek seen sang Sawul, ba
rob ko.
6 Kon nag yal na Aji Sax ji jëfeek yeen
ngor ak kóllëre. Man itam dinaa leen
yéwéne ndax nii ngeen jëfe.
7 Léegi nag dëgërluleen te góor-góorlu.
Dëgg la seen sang Sawul faatu na, waaye
man mii la giirug Yuda fal, may seen
buur.»

## *Isboset falu na buur ca Israayil*

8 Doomu Ner, Abner njiital gàngooru
xarem Sawul nag, fekk na mu yóbbu
Isboset doomu Sawul ju góor, jàllale ko ba
Maxanayim.
9 Mu tabb ko nag buuru diiwaani Galàdd
ak Aser ak Yisreel ak Efrayim ak Beñamin,
Israayil gépp daal.
10 Ñeent fukki at la Isboset doomu Sawul
amoon ba muy falu buurub Israayil, te
ñaari at la nguuru. Waa kër Yuda doŋŋ ñoo
toppoon Daawuda.
11 Diir ba Daawuda falu buurub Ebron
gu waa kër Yuda, juróom ñaari at la ak
juróom benni weer.

## *Yuda ak Israayil xare nañu*

12 Mu am bés, Abner doomu Ner ànd ak
niti Isboset doomu Sawul, ñu jóge
Maxanayim, jëm diiwaanu Gabawon.
13 Yowab mi Ceruya di yaayam, daldi
ànd ak niti Daawuda, ñu dem dajejeek
ñoom ca wetu déegub Gabawon. Ñii
taxawe gii wet, ñee taxawe ca wàlla, ñu séq
déeg ba.
14 Abner ne Yowab: «Ayca na xale yu
góor yi jóg, daje fi sunu kanam.» Yowab ne
ko: «Ayca!»
15 Ñu daldi limoo, fukki góor ak ñaar
taxawal giirug Beñamin ak Isboset doomu
Sawul; fukki góor ak ñaar taxawal
Daawuda.
16 Ku nekk ne sa boppu moroom ŋëjj,
rekk bojj sab saamar ca wet ga, ñu ànd
daanu. Moo tax ñu woowe béreb booba ca
Gabawon «Toolub ñawka yi.»
17 Bésub keroog xeex ba metti na lool,
waaye Abner ak waa Israayil ñoo féete
suuf niti Daawuda.
18 Ñetti doomi Ceruya ña nga fa woon:
Yowab ak Abisay ak Asayel. Asayel nag
daa manoona daw lool ni kéwél.
19 Asayel ne dann Abner rekk, jàddul
ndijoor, jàddul càmmoñ.

20 Abner geesu ne ko: «Kii Asayel?» Mu
ne ko: «Man a.»
21 Abner ne ko: «Tee ngaa jàdd ndijoor
mbaa càmmoñ, te jàpp kenn ci xale yu góor
yi, futti ko!» Asayel nag bëggu koo bàyyi,
xanaa topp ko rekk.
22 Abner dellu ne Asayel: «Xiddi ma! Bul
tax ma jam la, nga daanu! Te kon xawma
nu may jàkkaarlooteek sa mag Yowab!»
23 Asayel të ticc, topp ko. Abner jam ko
catal xeejam ca biir ba, ba xeej ba fëll ca
gannaaw ga, mu daanu dee ca saa sa. Ba
loolu amee, ku dikk, ba tollook béreb ba
Asayel daanu dee, daldi fay taxaw.
24 Yowab ak Abisay nag dàqi Abner. Ba
jant bay lang, ña nga tollu ca tundu Ama
wa janook Giyax, ca yoon wa jëm màndiŋu
Gabawon.
25 Beñamineen ñi daldi mànkoo, topp ca
gannaaw Abner, ñu def menn mbooloo,
bokk taxaw ci kaw wenn tund.
26 Abner àddu ca kaw, ne Yowab: «Mbaa
du saamar day wéy di lekk suux ba fàww?
Xamuloo ne lii aw naqar doŋŋ lay mujje?
Ana looy xaarati ci ne mbooloo mi ñu
noppee topp seeni bokk?»
27 Yowab ne ko: «Giñ naa ci Yàlla jiy
dund, boo waxuloon, nit ñi duñu noppee
dàq seeni bokk te bët setul.»
28 Ba loola amee Yowab wal bufta ba, di
liit gu ñu defare béjjénu kuuy, gaa ña ñépp
nag taxaw, noppee topp Israayil, daldi
dakkal xare ba.
29 Abner aki nitam fanaanee topp xuru
Yurdan guddig keroog, ba jàll dexu
Yurdan. Ñu daldi jaare Bittron gépp, doora
agsi Maxanayim.
30 Gannaaw ba Yowab walbatikoo ca
ndàqum Abner, daa woo gàngooram gépp,
fukk ak juróom ñeent wuute ci niti
Daawuda, te limaalewuñu Asayel.
31 Waaye fekk na niti Daawuda rey ñetti
téeméer ak juróom benn fukk (360) ca
Beñamineen ñaak niti Abner.
32 Ñu yóbbu Asayel, rob ko ca wetu
baayam ca Betleyem, Yowab aki nitam
nag fanaanee dox, ba jant fenke leen
Ebron.

# 3

1 Xare ba nag yàggoon na diggante waa
kër Sawul ak waa kër Daawuda. Daawuda
di gëna am doole, waa kër Sawul di gëna
néew doole.

### *Daawuda am nay doom ca Ebron*

2 Doomi Daawuda yu góor yi juddoo
Ebron ñoo di: taawam Amnon mi
Axinowam waa Yisreel ba di ndeyam;
3 ñaareelu doomam di Kilab, ndeyam di
Abigayil ma doon jabaru Nabal waa
Karmel ba; ñetteelu doomam di Absalom
mi Maaka di ndeyam. Maaka, Talmay
buurub Gesur ay baayam;
4 ñeenteelu doomam di Adoña mi Agit di
ndeyam; juróomeelu doomam di Sefatiya
mi Abital di ndeyam;
5 juróom benneelu doomam di Ittireyam
mi soxnaam si ñuy wax Egla di ndeyam.
Ñooñu ñooy doomi Daawuda ya juddoo
Ebron.

### *Abner jote naak Isboset*

6 Diir ba waa kër Sawul di xareek waa
kër Daawuda, Abner a ngay gëna dëgëral
taxawaayam ca waa kër Sawul.
7 Sawul nag amoon na nekkaale bu ñuy
wax Rispa doomu Aya. Mu am bés Isboset
ne Abner: «Ana lu waral ngay tëdde sama
nekkaaleb baay?»
8 Abner mer lool ca la ko Isboset wax.
Mu ne ko: «Ndax dama di xajub workat bu
Yudeen ñi? Ba tey jii ngor laay jëfe ak sa
waa kër baay Sawul aki bokkam aki
soppeem. Te it teguma la ci loxol
Daawuda; yaw nga di ma tuumaal ci
ndaw sii tey?
9 Yal na ma Aji Sax ji teg mbugal mu
gëna tar ndegam defaluma Daawuda la ko
Aji Sax ji giñaloon,
10 ne ko dina jële nguur gi ci waa kër
Sawul, samp jalub Daawuda ci kaw
Israayil ak Yuda, dale ko Dan ca
bëj-gànnaar, ba Beerseba ca bëj-saalum.»
11 Isboset nag ñemewula teg baat ca la
Abner wax, ndax ragal ko.

### *Abner fekki na Daawuda*

12 Ba loolu amee Abner yebal ca saa sa
ay ndaw ca Daawuda, ne ko: «Ana ku
moom réew mii?» Mu neeti ko: «Fasool ak
man kóllëre. Maa lay jàppale, ba walbatil la
Israayil gépp, ñu nangul la.»
13 Daawuda ne ko: «Baax na. Dinaa
fasook yaw kóllëre, waaye lenn rekk laa

lay ñaan. Bul dikk fi sama kanam te indiloo
ma sama jabar Mikal doomu Sawul.»
14 Gannaaw loolu Daawuda yebal ay
ndaw ca Isboset doomu Sawul, ne ko: «Jox
ma Mikal, sama jabar ja ma cane woon
téeméeri mbuñukay waa Filisti.»
15 Isboset yónnee, jëli Mikal ca jëkkëram
Paltiyel* doomu Layis.
16 Paltiyel topp ca gannaaw ndaw sa, di
jooy, ba ñu àgg Baxurim. Abner ne ko:
«Ayca, doxal ñibbi.» Waa ja ñibbi.
17 Ba mu ko defee Abner gise ak magi
Israayil, ne leen: «Yàgg ngeena bëgga fal
Daawuda, muy seen buur.
18 Kon ayca boog! Ndax Aji Sax jee ko
digoon Daawuda, ba mu nee: "Ci sama
jaam Daawuda laay walloo Israayil sama
ñoñ, ci waa Filisti ak mboolem seeni
noon."»
19 Abner wax ak giirug Beñamin itam
déeyook ñoom ba noppi dem Ebron ca
Daawuda, déey ko la waa Israayil ak
giirug Beñamin gépp namma def.
20 Ba Abner agsee Ebron ca Daawuda,
ñaar fukki nit la àndal. Daawuda berndeel
Abner, mook nit ña ànd ak moom.
21 Ba loolu amee Abner ne Daawuda:
«Buur sang bi, dama lay wool Israayil gépp,
ñu wuyusi la. Su ko defee ñu fasook yaw
kóllëre, nga mana nguuru fu la neex.» Ba
loolu amee Daawuda yiwi Abner, mu dem
ci jàmm.

## *Yowab fey na Abner*

22 Ci kaw loolu rekk niti Daawuda ànd
ak Yowab, jóge xare, indaale lël ju bare.
Waaye fekkul Abner Ebron ca Daawuda,
ndax fekk na Daawuda yiwi ko, ba mu
dem ci jàmm.
23 Yowab agsi mook mboolem gàngoor
ga ànd ak moom. Ñu ne ko Abner doomu
Ner ñëwoon na ca Buur, ba mu yiwi ko, mu
dem ci jàmm.
24 Yowab dem ca Buur ne ko: «Waaw, li
nga def nag? Abner mii dikk, nga bàyyi ko
mu dem nii rekk!
25 Xam nga Abner doomu Ner! Wor la
moo ko fi indi, ngir xam say dugg ak say
génn ak lépp looy def.»
26 Ci kaw loolu Yowab bàyyikoo ca
Daawuda, yebal ay ndaw yu toppi Abner,
dab ko, waññee ko ca teenub Sira. Waaye
Daawuda yégu ca dara.
27 Naka la Abner délsi ba Ebron, Yowab
berook moom ca buntu dëkk ba, mel ni
kuy déeyook moom, daldi koy jam ci biir,
rey ko, feyul Asayel, rakkam ja Abner
bóomoon.
28 Gannaaw ga, ba ko Daawuda yégee,
da ne: «Man de set naa wecc, maak sama
waa réew ba fàww fi kanam Aji Sax ji ci
bakkanu Abner doomu Ner bi rot.
29 Yal na deewug Abner këppu ci kaw
boppu Yowab, mook waa kër baayam
gépp. Yàlla bu waa kër Yowab ñàkk ku ànd
ak jàngoroy xelli, mbaa jàngoroy der juy
law†, mbaa lafañ buy doxe yet, mbaa ku
deewe xare, mbaa ku amul lu mu lekk.»
30 Noonu la Yowab ak rakkam Abisay
bóome Abner, ndax la mu reyoon seen
doomu ndey Asayel ca xareb Gabawon ba.

## *Jooy nañu Abner*

31 Ba loolu wéyee Daawuda wax ak
Yowab, mook mboolem gàngoor ga ànd ak
moom, ne leen: «Xottileen seeni yére, soli
saaku, ñaawloo ko deewug Abner.» Buur
Daawuda ci boppam dox na, topp ca jaat
ja.
32 Ñu denc Abner ca Ebron. Buur
Daawuda ne yikkét jooy ca bàmmeelu
Abner, mbooloo ma mépp jooy.
33 Woy wii la Buur fent, jooye ko Abner.
Mu ne:
«Moo Abner, jombuloo dee ni sagaru nit a?
34 Jéngeesu la,
yeeweesu laak càllala.
Danga ne dàll daanu,
ni ñuy daanoo fi kanam ku bon.»
Mbooloo ma mépp dellu jooyati.
35 Gannaaw gi, mbooloo mépp di soññ
Daawuda, ngir mu lekk, balaa jant a so.
Daawuda daldi giñ ne: «Yal na ma Yàlla teg
mbugal mu gëna tar ndegam maa sex
dugub mbaa ñam wu mu doon, te jant
sowul.»
36 Mbooloo ma mépp a seede loolu,
rafetlu ko, na ñu rafetloo mboolem lu
Buur Daawuda def.

* **3.15** ***Paltiyel*** mooy Palti ba tey. Seetal ci *1.Samiyel* 25.44.
† **3.29** ***jàngoro yi:*** seetal ci *Sarxalkat yi* 13.2; 15.2.

37 Mbooloo mépp ak Israayil gépp a xam
bésub keroog ne pexe ma rey Abner
doomu Ner jógewul ca Buur.
38 Ba loolu amee Buur wax aki nitam ne
leen: «Xanaa xamuleen ne ab garmi, nit ku
màgg moo daanu bésub tey fi digg Israayil?
39 Bésub tey jii li ma falu buur lépp, néew
naa doole, ndax doomi Ceruya yii ñoo ma
gëna dëgër xol, ba jaaxal ma. Waaye yal na
Aji Sax ji fey ku bon jëfam.»

# 4

## *Isboset faatu na*

1 Ba Isboset doomu Sawul déggee ne
Abner dee na ca Ebron, xolam jeex,
Israayil gépp jàq.
2 Isboset amoon na ñaari njiiti gàngooru
yàqkat: kenn ka di Baana, ka ca des di
Rekab, ñuy doomi góor gu ñuy wax Rimon,
giiroo ci giirug Beñamin te dëkke Beerot ga
ñu boole woon ca suufas Beñamin;
3 ndax waa Beerot a dawoon, làquji
Gitayim, doon fa ay doxandéem ba tey jii.
4 Fekk na Yonatan doomu Sawul ju góor
am na doom ju góor ju tànk ya baaxul.
Ndaxte ba ñu déggee tàgge bu jóge Yisreel,
ñu ne Sawul ak Yonatan faatu nañu, fekk
na xale ba am juróomi at. Ndaw sa ko daan
toppatoo, fab ko di gaawtuy daw, waaye
na muy gaawtu di dem, xale ba daanu,
daldi lafañ. Ma nga tuddoon Mefiboset.
5 Rekab ak Baana, doomi Rimon ma
dëkk Beerot nag ñoo demoon kër Isboset,
àgg fa ci biir tàngooru njolloor, fekk Isboset
di for bët.
6 Ñu jàll ba ca biir-a-biir kër ga, mel ni
ñuy sàkk peppum bele, daldi ko jam ci biir,
ba noppi yoxoosu daw.
7 Ba ñuy dugg këram, ma nga tëddoon ca
lalam, ca néegu biiram. Ñu jam ko ba rey
ko, dog bopp ba, yóbbu. Ñu jaare xuru
Yurdan, fanaanee dox*.
8 Ci kaw loolu ñu yóbbul boppu Isboset
Daawuda ca Ebron, ne ko: «Buur, Sawul, sa
noon ba doon wut sa bakkan, boppu
doomam Isboset a ngii. Bésub tey jii de
sang bi, Aji Sax jee la feyul ci Sawul ak
askanam.»
9 Daawuda nag ne Rekab ak Baana,
doomi Rimon waa Beerot ba: «Giñ naa ci
Aji Sax ji, Kiy dund te musal sama bakkan
ci gépp njàqare,
10 ka ma tàggesi woon Sawul, foog ne
xibaaru jàmm la ma indil, dama koo jàpp,
rey ko ca Ciglaag, yoole ko ko xibaaram.
11 Rawatina nag nit ñu bon ñu rey
jàmburu Yàlla ci biir këram, ci kaw lalam
sax. Kon duma def lu moy topp leen
bakkanam, jële leen ci kaw suuf!»
12 Daawuda nag jox ay nitam ndigal, ñu
rey leen. Ñu dog seeni loxook seeni tànk ca
tenqo ya, wékk néew ya ca wetu déegub
Ebron, daldi jël boppu Isboset, suul ca
bàmmeelu Abner ca Ebron.

# 5

## *Daawuda falu na buur ca Israayil gépp*

1 Ci kaw loolu giiri Israayil yépp dikk fa
Daawuda ca Ebron, ne ko: «Noo ngii di say
bokk lenqe.
2 Te it démb ak bërki-démb, ba Sawul dee
sunu buur sax, yaa doon jiite Israayil ci
xare. Aji Sax ji ne la: “Yaay sàmm Israayil
sama ñoñ te yaay yilif Israayil.”»
3 Noonu la magi Israayil ñépp dikke ca
Buur Daawuda ca Ebron, mu fasook ñoom
kóllëre foofa ca Ebron, fa kanam Aji Sax ji.
Ba mu ko defee ñu sotti Daawuda diwu pal
ga, muy buurub Israayil.
4 Daawuda amoon na fanweeri at, ba
muy falu buur, te ñeent fukki at la nguuru.
5 Ca Ebron la yore nguurug Yuda juróom
ñaari at ak juróom benni weer, waaye ca
Yerusalem la yore mboolem Israayil ak
Yuda diiru fanweeri at ak ñett.

## *Daawuda nangu na Yerusalem*

6 Gannaaw loolu Buur Daawuda ànd aki
xarekatam, songi Yerusalem ga ñu doon
woowe Yebus itam, ndax la fa Yebuseeni
diiwaan ba dëkke woon. Yebuseen ña ne
Daawuda: «Doo fi dugg de, ndax gumba
yeek lafañ yi rekk ñoo lay wañ̃ñi.» Booba
foog nañu ne Daawuda manu faa dugg.

* **4.7** Am na ci bind yu yàgg yi, yu ci indi: *Am na ku jigéen ku doon wattu bunt ba, di bàcc pepp. Ay nelaw dab ko. Rekab ak Baana yoxoosu dugg. Ñu jàll ca néegu biiru Isboset, fekk ko mu tëdd ca lalam. Ñu jam ko, rey ko, dog bopp ba, yóbbu, jaareji xuru Yurdan, fanaanee dox.*

7 Terewul Daawuda nangu tatab Siyoŋ
ga ñu mujj woowe Kër Daawuda.
8 Daawudaa noon bésub keroog: «Ku
bëgga jam Yebuseen ñi, ca xuntum yoonu
ndox ma ngay mana dabe seeni gumbaak
seeni lafañ, xuloowaaley Daawuda yi.»
Looloo waral waxin wi ñu naan: «Gumba
akub lafañ du dugg kër ga.»
9 Ba mu ko defee Daawuda dëkk ca biir
tata ja, woowe ko Kër Daawuda, ba noppi
tabax ay kër yu bees fa ko wër fépp, dale
ko ca sëkkub Milo*, ba ca biir.
10 Daawuda nag di gëna am doole, Aji
Sax ji Yàlla, Boroom gàngoori xare yi ànd ak
moom.
11 Ci biir loolu Iram buurub Tir, yebal ay
ndaw ca Daawuda, ñu yóbbul ko ay banti
garabu seedar ak ay liggéeykati bant ak
yattkati xeer, ngir ñu tabaxal Daawuda
kër.
12 Daawuda xam ne Aji Sax jee ko fal
buurub Israayil te moo kaweel nguuram
ngir Israayil ñoñam.
13 Gannaaw ba Daawuda jógee Ebron,
denc na ay nekkaale ak yeneeni soxna ca
Yerusalem. Mu am ca yeneen doom yu
góor ak yu jigéen.
14 Doom yu góor yi juddoo Yerusalem
ñoo di Samwa ak Sobab ak Natan ak
Suleymaan
15 ak Ibaar ak Elisuwa ak Nefeg ak Yafya
16 ak Elisama ak Elyada ak Elifelet.

## *Buur Daawuda duma na waa Filisti*

17 Ba waa Filisti déggee ne fal nañu
Daawuda buurub Israayil, ñoom ñépp a
jóg, di ko wër. Daawuda nag dégg ko, dem
làquji ca biir tata ja.
18 Waa Filisti dikk, tasaaroo ca xuru
Refayeen ña.
19 Daawuda laaj Aji Sax ji, ne ko: «Ndax
ma songi waa Filisti? Ndax dinga leen teg
ci sama loxo?» Aji Sax ji ne ko: «Demal,
maay teg waa Filisti ci say loxo déy!»
20 Daawuda dem ba Baal Peracim, duma
leen foofa. Mu ne: «Aji Sax jee ma xàllal
yoon, ne jàyy ni walum ndox ca kaw noon
ya.» Moo tax ñu woowe béreb boobu Baal
Peracim (muy firi Boroom bi xàll naw
yoon).
21 Filisteen ña nag waccoon seeni gàllaaj,
Daawudaaki nitam boole yóbbu.
22 Ba mu ko defee waa Filisti dikkaat,
tasaaroo ca xuru Refayeen ña.
23 Daawuda dellu laaj Aji Sax ji. Mu ne
ko: «Bul topp seen gannaaw, wër leen
ndombo, dal ca seen kaw fa janook garab
ya.
24 Booy dégg tànk yuy jaab ca kaw
njobbaxtali sànd ya rekk, gaawtul, ndax
booba Aji Sax jee la jiitu, di dumaji waa
dalub Filisti.»
25 Daawuda nag def noonee ko Aji Sax ji
sante, ba duma waa Filisti la ko dale Geba,
ba ca buntu Geser.

# 6

## *Gaalu Yàlla ga dem na Yerusalem*

1 Ba loolu wéyee Daawuda dellu woo
mboolem ñeyi xarey Israayil, ñuy
fanweeri junni (30 000).
2 Mu fabu, mook mboolem gàngoor ga
ànd ak moom, dem Baala ca diiwaanu
Yuda, ngir jëleji fa gaalu Yàlla gi ñu tudde
Tur wi, turu Aji Sax ji Boroom gàngoori
xare yi, ki toog ci jal bi, diggante malaakay
serub yi tiim gaal gi.
3 Ñu yeb ko ci watiir wu bees, jële ko kër
Abinadab ga woon ca kaw tund wa. Usa
ak Axyo, doomi Abinadab yu góor ya dox,
jiite watiir wu bees wa.
4 Noonu lañu dawale watiir wa yeb
gaalu Yàlla ga, jële ko kër Abinadab ga ca
kaw tund wa, Axyo dox jiitu ko.
5 Daawudaak waa kër Israayil gépp a
ngay bànneexoo mboolem jumtukaayi
xumbéen fi kanam Aji Sax ji, muy lu ñu
defare bantu garabu sippar, ak ay
keseŋ-keseŋ aki tabala ak xeeti xalam.
6 Naka lañu dem ba tollu ca dàggay
Nakon, nag ya tërëf, Usa tàllal loxoom, jàpp
ca gaalu Yàlla ga.
7 Sànjum Aji Sax ji nag tàkk ci kaw Usa.
Yàllaa ko faat foofa, ndaxug teeyadeem,
mu dee foofa ca wetu gaalu Yàlla ga*.

* **5.9** ***Milo,*** xur la wu doxoon diggante gox ba ñu naan Kër Daawuda ak fa kër Yàlla ga wara nekk. * **6.7** Sarxalkat yi rekk ñoo amoon sañ-sañu laal gaalu Yàlla ga, te Leween ñi rekk ñoo amoon sañ-sañu gàddu ko.

[8] Ba loolu amee Daawuda mer ca
mbugal mu metti ma Aji Sax ji fàdde Usa.
Moo tax mu tudde béreb booba Peres Usa
(muy firi Pàddum Usa), tur wa sax ba tey jii.
[9] Daawuda nag am tiitaange lool bésub
keroog ci Aji Sax ji. Ma nga naan ca xelam:
«Ana nu gaalu Aji Sax ji mana dale ak
man?»
[10] Loolu nag tax Daawuda nanguwula
yóbbu gaalu Aji Sax ji fa moom, ca gox ba
ñu naan Kër Daawuda. Dafa waññi gaal gi,
yóbbu ko ca kër Obedd Edom ma cosaanoo
Gaat.
[11] Gaalu Aji Sax ji nekk na kër Obedd
Edom waa Gaat diiru ñetti weer. Aji Sax ji
barkeel Obedd Edom, mook këram gépp.

### *Gaal ga dikk na Yerusalem*

[12] Ba loolu amee ñu xamal Buur
Daawuda ne ko: «Aji Sax ji de barkeel na
Obedd Edom ak mboolem lu bokk ci
moom ndax gaalu Yàlla gi.» Daawuda jëleji
gaalu Yàlla ga kër Obedd Edom, daldi koy
yóbbu ci biir mbégte ba këram, fa ñu naan
Kër Daawuda.
[13] Ba ña gàddu gaalu Aji Sax ja séqee
juróom benni jéego, aw yëkk ak benn ci
juru yafal gi la Daawuda sarxal.
[14] Daawudaa ngay fecc ak doole fa
kanam Aji Sax ji. Daawudaa nga gañoo am
xar-sànnim lẽe.
[15] Naka la Daawuda ak waa kër Israayil
gépp di yóbbu gaalu Aji Sax ji, sarxolle ya
jib, ànd ak coowal béjjén ya ñuy wal.
[16] Ba gaalu Aji Sax jay duggsi ca biir gox
ba ñu naan Kër Daawuda, soxnas
Daawuda, Mikal doomu Sawul a nga
sëppu ca palanteeram. Mu gis Buur
Daawuda di tëb aka fecc ca kanam Aji Sax
ji. Mu jéppi ko lool.
[17] Ba mu ko defee ñu indi gaalu Aji Sax
ji, yeb ko ca bérebam, ca biir xayma ba ko
Daawuda sampal. Daawuda daldi joxe fa
kanam Aji Sax ji ay saraxi rendi-dóomal,
ak saraxi cant ci biir jàmm.
[18] Ba Daawuda defee saraxi
rendi-dóomal yaak saraxi cant ci biir jàmm,
ñaanal na askan wa ci turu Aji Sax ji
Boroom gàngoori xare yi.
[19] Mu jox aw ñam askan wépp,
mbooloom Israayil mépp, góor ak jigéen;
ku ci nekk mu jox la menn mburu ak yàpp
wu ñu saaf† ak benn nàkku reseñ. Mbooloo
ma doora dem, ku nekk ñibbi këram.
[20] Ba loolu amee Daawuda walbatiku,
dugg biir këram, ngir ñaanal waa këram.
Soxnaam Mikal doomu Sawul génn dajeek
moom, ne ko: «Buuru Israayiloo, yaaka
teral sa bopp bésub tey jii! Nga futteeku
tey jii fi kanam jigéen ñiy sa jaami jawriñ
yi, mbete nit ku tekkiwul dara!»
[21] Daawuda ne Mikal: «Fi kanam Aji Sax
ji ma tànn, wacc sa baay ak waa këram
gépp, ngir fal ma kilifag Israayil, ñoñi Aji
Sax ji, fi kanam Aji Sax ji laay bànneexoo.
[22] Dinaa gëna teddadil sama bopp sax,
gëna toroxlu, ba gisal ko sama bopp, te du
tere jaam yu jigéen yi ngay wax teral ma.»
[23] Mikal doomu Sawul jooju nag amul
doom, ba ni mu deewe.

## 7

### *Lu jëm ci kër Yàlla ak kër Daawuda*

[1] Gannaaw loolu Buur Daawuda këram
la nekk ab diir, Aji Sax ji noppal ko ci
noonam yi ko wër yépp.
[2] Ci biir loolu mu ne Yonent Yàlla Natan:
«Xoolal rekk, maa ngi dëkke kërug banti
seedar, te gaalu Yàlla gi dëkke ab xayma!»
[3] Natan ne Buur: «Mboolem loo ci
namma def rekk, defal, ndax Aji Sax ji
yaw la àndal.»
[4] Guddig keroog nag kàddug Aji Sax ji
dikkal Natan, ne ko:
[5] «Demal wax samab jaam Daawuda, ne
ko: “Aji Sax ji dafa wax ne: Ndax yaw yaa
may tabaxal kër gu ma dëkke?
[6] Bés ba ma génnee bànni Israayil Misra
ba tey jii, masumaa dëkk ci kër. Naka jekk
ab xayma laay màngaale, def ko dëkkuwaay.
[7] Mboolem fu ma masa ànd ak bànni
Israayil gépp, ndax mas naa wax benn
baat ci genn giirug Israayil gu ma sant ñu
sàmm Israayil sama ñoñ, ne leen: ‘Lu tere
nga tabaxal ma kërug bantu seedar?’ ”
[8] «Kon nag waxal sama jaam Daawuda,
ne ko: “Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi
dafa wax ne: Maa la jële ca parlu ga nga
toppe woon gàtt ya, ngir nga doon kilifag
Israayil, sama ñoñ.

† **6.19** *yàpp wu ñu saaf* walla *benn nàkku tàndarma*

9 Maa ànd ak yaw fépp foo dem, maa
tenqee fi sa kanam mboolem say noon, te
maa lay may tur wu màgge ni turi boroom
daraja yi ci àddina.
10 Maay sàkkal Israayil sama ñoñ ab
dëkkuwaay, samp leen fa, ñu dëkke ko, te
deesu leen fa lëjalati. Ñu bon ñi duñu leen
sonalati na woon,
11 ba ma falee ay njiit ci kaw Israayil
sama ñoñ. Maa lay noppal ci sa noon yépp.
Te it Aji Sax jaa ngi lay yégal ne la, moo lay
sampal kërug donnal buur.
12 Te bu say fan matee ba nga saay, fekki
say maam, maay yékkati kenn ci saw
askan, sa deretu bopp, mu wuutu la, te
maay taxawal nguuram.
13 Kookooy tabax kër, ñeel sama tur, te
maay taxawal ab jalam ba fàww.
14 Maay doon baay ci moom, muy doom
ci man. Su defee naka su dul noonu, maa
koy yare bantu nit ak dumay doom
aadama.
15 Waaye duma ko noppee laaye biir, ni
ma noppee laaye biir Sawul ma ma la
randalal.
16 Sa kër ak sa nguur day sax dàkk fi sa
kanam, te sab jal day sax ba fàww."»
17 Noonee Natan jote mboolem kàddu
yooyu ak peeñu moomu, na la ko yegge
Daawuda.

## *Daawuda delloo na Yàlla njukkal*

18 Ba loolu amee Buur Daawuda dikk ba
fa kanam Aji Sax ji, daldi toog ne ko:
«Céy Boroom bi Aji Sax ji! Ana lu ma
tekki, man, ak lu sama waa kër tekki, ba
tax nga indi ma ba fii ma àgg?
19 Boroom bi Aji Sax ji, loolu sax doyatu
la, xanaa nga waxaale ci sama askan wi
sosoogul, Sang bi. Boroom bi Aji Sax ji,
ndax nii ngay jëfeek doom aadama?
20 «Boroom bi Aji Sax ji, ana lu ma lay
waxati? Yaw de, yaa ma ràññee, man sab
jaam.
21 Sa kàddoo waral nga def mboolem jii
jëf ju réy ci sa yéeney xol, te it yaa ma ko
xamal, man sab jaam.
22 «Boroom bi Aji Sax ji, yaay Ku màgg
moos! Kenn du yaw, kenn it du Yàlla ku
dul yaw, te mboolem lu nu nopp may,
dëggal na loolu.
23 Ana askan wu mel ni Israayil sa ñoñ ci
kaw suuf, di wenn askan wu Yàlla dikk, jot
leen ngir ñoñoo leen, ba turam siiw? Yaa
leen defal ay jaloore, yaa defal sam réew
ay kéemaan ci sa kanamu ñoñ ñi nga
goreele fa Misra aki askanam aki yàllaam.
24 Yaa dëgëral Israayil sa ñoñ, ñoñoo leen
ba fàww, te yaw Aji Sax ji, yaa di seen Yàlla.
25 «Léegi nag, Aji Sax ji Yàlla, Sang bi, li
nga ma dig, man ak sama waa kër, saxal
ko ba fàww, te nga defe ko noonu nga ko
waxe,
26 ngir sa tur di gëna màgg ba fàww, ñu
naan: "Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi
mooy Yàllay Israayil." Sama waa kër nag,
man Daawuda, yal nañu sax fi sa kanam,
Sang bi.
27 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, Yàllay
Israayil, yaw déy yaa ma déey, Sang bi, ne
kër nga may sosal. Moo tax ma ñeme laa
ñaan lii, Sang bi.
28 Léegi nag, Boroom bi Aji Sax ji, yaw
yaa di Yàlla, say kàddu mooy dëgg, te yaa
ma dig yiw wii, Sang bi.
29 Kon nag Sang bi, nangula barkeel
sama kër, ngir mu sax ba fàww fi sa
kanam. Ndax kat yaw Boroom bi Aji Sax ji
yaa wax, te ci sa barke la sama kër di
barkeele ba fàww, Sang bi.»

# 8

## *Daawuda duma na xeet ya ko wër*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Daawuda
duma na Filisteen ña, noot leen, jële
kilifteefu waa Filisti ca réew ma.
2 Daawuda duma Mowabeen ña itam,
tëral leen ca suuf, sësale leen, natte leen ag
buum. Ñaari buum yu mu natt, yemook ña
ñu wara rey, buum gu mat ga ca topp
yemook ñi wara dund. Mowabeen ña
daldi nangul Daawuda, di ko indil galag.
3 Daawuda duma na itam buurub
Coba*, Adadeser doomu Rexob, fekk
Adadeser di fexee nanguwaat diiwaan ba
feggook dexu Efraat.
4 Daawuda nangoo ca moom junniy
gawaram ak juróom ñaari téeméer (1 700)

* **8.3 *Coba,*** turu dëkk la bu amoon buuru boppam. Waaye ci Siri la bokkoon.

ak ñaar fukki junniy (20 000) xarekat yu warul. Daawuda teg ca dog sidditi tànki fas yi ñu takkal watiir yépp bàyyiwu ca lu moy téeméer.

5 Waa Siri ña dëkke réewum Damaas dikk wallusi Adadeser buurub Coba. Daawuda duma ca ñoom ñaar fukki junneek ñaar (22 000).

6 Ba mu ko defee Daawuda tabb ay jawriñam ca Damaas ca Siri, waa Siri di surgawu Daawuda, di ko indil galag. Aji Sax ji may Daawuda ndam fépp fu mu dem.

7 Daawuda nag nangu pakki wurus ya jawriñi Adadeser takkoon, daldi koy yóbbu Yerusalem.

8 Dëkki Adadeser ya ñuy wax Beta ak Berotay it, xànjar ju takku lool la fa Buur Daawuda nangoo.

9 Ci kaw loolu Toyi buurub Amat dégg ne Daawuda duma na mboolem gàngooru Adadeser.

10 Toyi yebal doomam ju góor Yoram ca Buur Daawuda, di ko yóbbante nuyoob jàmm, ak ndokkale ci jéll bi mu daan Adadeser, ndax Adadeser xare woon naak Toyi. Yoram indaaleel ko jumtukaayi xaalis ak wurus ak xànjar.

11 Buur Daawuda boole loolu, jagleel ko Aji Sax ji, na mu ko jagleele woon xaalis baak wurus wa mu lële ca mboolem xeet ya mu tegoon loxo:

12 maanaam la jóge ca Edomeen ñaak Mowabeen ñaak Amoneen ñaak waa Filisteek Amalegeen ña ak la mu lële ca buurub Coba, Adadeser doomu Rexob.

13 Daawudaa nga gënatee siiw ba mu dumaa waa Siri, teg ca duma fukk ak juróom ñetti junniy (18 000) Edomeen ca xuru Xorom wa.

14 Mu daldi tabb ay jawriñam ca réewum Edom. Réewum Edom gépp la tabb ay jawriñ, Edomeen ñépp di surgawu Daawuda. Aji Sax ji nag may Daawuda ndam fépp fu mu xaree.

### *Lu jëm ci jawriñi Daawuda*

15 Buur Daawuda ci kaw Israayil gépp la nguuru woon; muy jëfe dëgg ak yoon ñeel réewam mépp.

16 Yowab mi Ceruya di ndeyam, moo jiite woon gàngooru xare ga; Yosafat doomu Axiludd yore kàddug buur;

17 Cadog doomu Axitub ak Aximeleg doomu Abyatar ñoo doon sarxalkat ya; Seraya di bindkat ba;

18 Benaya doomu Yoyada moo jiite woon waa Keret ak waa Pelet, dagi buur ya; doomi Daawuda yu góor nag ay sarxalkat lañu woon†.

# 9

### *Daawuda baaxe na Mefiboset*

1 Daawuda moo noon: «Ndax kenn desul ba tey ci waa kër Sawul, ba ma jëfeek moom ngor ngir Yonatan?»

2 Fekk na ab surgaa nga woon ca kër Sawul, di ku ñuy wax Ciba. Ñu indi ko ca Daawuda, Buur Daawuda ne ko: «Yaa di Ciba?» Mu ne ko: «Maa ngi ci sa waaw.»

3 Mu ne ko: «Ndax kenn desul ba tey ci waa kër Sawul, ba ma jëfeek moom ngor gu Yàlla gërëm?» Ciba ne ko: «Doomu Yonatan ju tànk yi baaxul a nga fa ba tey kay.»

4 Buur ne ko: «Ana mu?» Mu ne ko: «Moom de, ma nga ca kër Makir doomu Amyel, ca dëkk ba ñuy wax Lodebar.»

5 Buur Daawuda nag yeble, ñu jëleji ko ca Lodebar, ca kër Makir doomu Amyel.

6 Ba loolu amee Mefiboset doomu Yonatan doomu Sawul, dikk ca Daawuda, ne gurub, dëpp jëëm fa suuf, sujjóot. Daawuda ne ko: «Mefiboset!» Mu ne ko: «Naam, sang bi.»

7 Daawuda ne ko: «Bul tiit, dinaa jëfeek yaw ngor déy ngir sa baay Yonatan. Dinaa la delloo mboolem sa suufas maam Sawul, te yaay bokk ak man ndab ba fàww.»

8 Mefiboset sujjóot, ne ko: «Moo sang bi, maay kan ba nga di ma geesu, man mi tekkiwul dara, ba dara booloo jeex?»

9 Ci kaw loolu Buur woolu Ciba, surgab Sawul ba, ne ko: «Mboolem lu bokk ci alalu Sawul ak alalu waa këram jox naa ko Mefiboset, sa sëtub sang.

10 Dee ko beyal tool yi, di ko góobal, yaw yaak say doom ak say surga, ndax waa këram am ab dund. Mefiboset nag, mook man ay bokk ndab.» Ciba amoon na fukki

† **8.18** Am na ñu jàpp ne sarxalkat yi ñuy wax fii, ay saytukat lañu woon.

doom yu góor ak juróom, ak ñaar fukki surga.
11 Ciba ne ko: «Buur, sang bi, noonu nga ma ko sante rekk, ni laa koy defe.» Ci kaw loolu Mefiboset di lekk ca ndabal Daawuda, mel ni ku bokk ci doomi Buur.
12 Mefiboset amoon na doom ju ndaw ju góor ju ñuy wax Mika. Waa kër Ciba ñépp nag daldi nekk ci liggéeyu Mefiboset.
13 Ci kaw loolu Mefiboset far féete Yerusalem gannaaw ñaari tànkam a làggi, ndax mu man di lekke ca ndabal Buur, bés bu nekk.

# 10

*Daawuda jote naak Amoneen ña*

1 Gannaaw loolu Naxas buurub Amoneen ña dee, Anun doomam ju góor falu, wuutu ko.
2 Daawuda ne: «Dinaa yéwéne Anun doomu Naxas, na ma baayam yéwénee woon.» Daawuda nag yebal ay ndawam ca Anun, di ko jaal baayam. Ba ndawi Daawuda ya agsee ca réewum Amoneen ña,
3 njiiti Amoneen ña wax ak seen sang Anun, ne ko: «Defe nga ne moos wormaal sa baay la Daawuda namm, ba yónnee la ay nit ñu la jaal? Foogoo ne seetsi dëkk bi ak nemmikusi ko, ba song ko moo tax Daawuda yebal ay nitam ci yaw?»
4 Anun daldi jàpp niti Daawuda ña, wat seen genn-wàllu sikkim, duppati seeni mbubb fa tollook toogukaay ba, door leena bàyyi ñu dem.
5 Ba ñu yeggee Daawuda mbir ma, mu yebal ñu leen gatanduji ndax na ñu leen toroxale. Buur ne leen ñu toog Yeriko, ba seeni sikkim sëqaat, ñu doora ñibbisi.
6 Amoneen ña xam ne Daawuda jéppi na leen ba mere leen lool. Ñu dem bindi ñaar fukki junniy (20 000) xarekat ca waa Siri ña dëkke Bet Rexob ak waa Siri ña dëkke Coba, teg ca junniy (1 000) nit ñu bàyyikoo ca buuru Maaka, ak fukki junneek ñaar (12 000) ñu waa Tob.
7 Daawuda dégg ko, yebal Yowab ak mboolem gàngooru jàmbaar ya.
8 Ba mu ko defee Amoneen ña génn, làng-dér ca seen buntu péey ba, fekk waa Siri ña dëkke Coba ak Rexob ak waa Tob ak waa Maaka, ñoom ñépp a nga taxawe nee ca àll ba, ñu nekk ci seen wet.
9 Yowab nag gis làngi xare yi ñu wara jànkoonteel, ña ko féete kanam, ak ña ca gannaaw. Mu tànne ca gàngooru Israayil ay jàmbaari xare, ñu làng-déral waa Siri.
10 La des ca gàngoor ga, mu teg leen ca loxol rakkam Abisay, làng-dérloo leen, ñu janook Amoneen ña.
11 Yowab ne Abisay: «Su ma waa Siri ëppee doole, nga wallusi ma; su la Amoneen ñi ëppee doole, ma wallusi la.
12 Dëgërluleen nag te nu góor-góorlu xeexal sunu xeet ak sunu dëkki Yàlla yii. Aji Sax ji nag yal na def liy coobareem.»
13 Ba loolu amee Yowab ak gàngoor ga ànd ak moom sàqi song waa Siri xare, ñu daw, won leen gannaaw.
14 Amoneen ña gis waa Siri di daw, ñoom it ñu daw, won Abisay gannaaw, ba dellu ca biir dëkk ba. Yowab nag bàyyikoo ca xare baak Amoneen ña, daldi dellu Yerusalem.

*Daawuda xare naak Siri*

15 Gannaaw loolu waa Siri gis na ñu daanoo fa kanam Israayil. Ñu bokk daje ñoom ñépp.
16 Ci kaw loolu Buur Adadeser yónnee, jëli waa Siri ña ca wàllaa dexu Efraat. Waa wàllaa dex ga dikk ba dëkk ba ñuy wax Elam; Sobag, njiital gàngooru Adadeser jiite leen.
17 Naka lañu ko wax Daawuda, mu woo Israayil gépp, ànd ak ñoom, jàll dexu Yurdan, ba àgg Elam. Waa Siri nag làng-déral Daawuda, song leen.
18 Waaye waa Siri ñoo daw, won Israayil gannaaw. Daawuda rey ca ñoom juróom ñaari téeméeri gawar yuy dawal watiiri xare (700), ak ñeent fukki junniy gawar (40 000). Sobag, seen njiital gàngoor, mu jam ko, mu dee foofa.
19 Ba mu ko defee mboolem buur yay jawriñi Adadeser gis na ñu daanoo fa kanam Israayil, ñu daldi jàmmook bànni Israayil, nangul leen. Ba loolu amee waa Siri ñemeetuñoo sotle Amoneen ña.

# 11

*Daawuda topp na bakkanam*

1 Gannaaw loolu, ca déwén sa, jamono ja buur ya daan xareji, Daawuda daa yebal Yowab, mu ànd aki nitam ak gàngooru Israayil gépp. Ñu faat Amoneen ña, gaw dëkk ba ñu naan Raba. Fekk na Daawudaa nga des Yerusalem.
2 Genn ngoon, Buur Daawuda jóge ca kaw laltoom, di doxantu ca kaw taaxum këram. Mu tollu ca kaw taax ma, séen as ndaw suy sangu. Ndaw sa neexa xool lool.
3 Daawuda yónnee, gëstu mbiram, ñu ne ko: «Xanaa du Batseba doomu Elyam, jabaru Uri Etteen ba?»
4 Ci kaw loolu Daawuda yebal ay ndaw yu jëli ndaw si, mu dikk, mu tëdde ko. Fekk na ndaw sa gisoon baax bay doora sangu-set. Ndaw sa daldi ñibbi.
5 Ndaw si nag ëmb. Ba loolu amee mu yónnee ca Daawuda ne ko: «Man de, damaa ëmb.»
6 Ba mu ko defee Daawuda yónnee ca Yowab, ne ko mu wool ko Uri, Etteen ba. Yowab wool ko Uri.
7 Ba Uri dikkee, Daawuda nuyook moom ne ko: «Mbaa Yowab jàmm? Mbaa mbooloo ma jàmm? Naka xare bi?»
8 Ba loolu wéyee Daawuda ne Uri: «Àggal sa kër nag te jàngu.» Uri bàyyikoo kër buur, ab yóbbalu Buur topp ca gannaawam.
9 Ndeke Uri ñibbiwul këram. Ca bunt kër buur la tëdd, mook mboolem surgay Buur.
10 Ñu yégal Daawuda, ne ko: «Uri de ñibbiwul këram,» mu ne Uri: «Xanaa du ciw yoon nga jóge? Lu la tee àgg sa kër?»
11 Uri ne Daawuda: «Sang bi, gaalu Yàlla ga ak Israayil ak Yuda dëkke ay mbaar, sama njaatige Yowab ak surgay sang bi bokk dale ci digg àll bi, man may dem sama kër, di lekk aka naan, di tëdd ak sama soxna? Mukk! Giñ naa, nga fekke, duma def loolu!»
12 Daawuda ne Uri: «Kon toogaatal fii tey ba ëllëg, ma yiwi la.» Uri toog Yerusalem bésub keroog ak ca ëllëg sa.
13 Ci biir loolu Daawuda woo Uri, mu bokk ak moom lekk, daldi naan. Mu nàndal ko ba mu màndi. Ba ngoon jotee Uri daa génn, tëdd ca laltoom ca biir surgay sangam, waaye këram, àggu fa ba tey.
14 Ba bët setee Daawuda bind Yowab bataaxal, yóbbante ko Uri.
15 Mu bind ci bataaxal bi, ne Yowab: «Jiitalal Uri mii ca làngu kanam ga xare ba gëna tànge, te ngeen dànd ko, ndax ñu jam ko, mu dee.»
16 Ci kaw loolu Yowab a nga bàyyi xel ca dëkk ba ñu gaw. Mu daldi teg Uri fu ko wóor ne ay ñeyi xarey dëkk baa fa féete.
17 Ba loolu amee waa dëkk ba génn, xeex ak ñoom Yowab, mu am ñu daanu ca gàngoor ga, ca niti Daawuda ña, Uri Etteen ba bokk ca ña dee.
18 Ba mu ko defee Yowab yónnee àgge Daawuda mboolem xew-xewi xare ba.
19 Yowab sant ndaw la, ne ko: «Boo nettalee Buur li xew ci xare bi lépp, ba noppi,
20 su Buur meree, ne la: "Ana lu waral ngeen jegee noonu dëkk ba ci xeex? Xanaa xamuleen ne ca kaw tata ja lañu leen di fitte?
21 Ana ku reyoon Abimeleg doomu Yerubeset? Xanaa du ca kaw tata ja la ko aw jigéen sànnee doju wolukaay, ba mu dee ca Tebecc? Lu waral ngeen jegee noonu tata ja?" Su boobaa nee ko: "Sa surga ba, Uri Etteen ba it dee na."»
22 Ndaw la dem ba àgg, daldi àgge Daawuda la ko Yowab waxloo lépp.
23 Ndaw la da ko ne: «Nit ñaa nu njëkkoona man. Dañoo génn, song nu ca àll ba. Waaye noo leen delloo gannaaw ba ca buntu dëkk ba.
24 Fittkat ya nag fitte nu ca kaw tata ja, ba mu am ñu dee ci say nit. Sa surga ba, Uri Etteen ba it dee na.»
25 Daawuda ne ndaw la: «Waxal Yowab ne ko, bumu tiislu moomu mbir; xare bu yóbbuwul kii, yóbbu kee. Na gëna song dëkk ba rekk, ba daane ko. Nga ñaaxe ko noonu.»
26 Ba loolu amee jabaru Uri dégg ne jëkkëram dee na. Mu daldi koy ténj.
27 Ba àppu ténj ba weesoo*, Daawuda yónnee, indi ko këram, mu doon soxnaam. Gannaaw gi, mu am doom ju góor.
Aji Sax ji nag ñaawlu la Daawuda def.

# 12

*Yonent Yàlla Natan yedd na Daawuda*

* **11.27** Jamono yooyu bànni Israayil juróom ñaari fan lañu aadawoo woon di ténj.

1 Noonu Aji Sax ji yónni Natan ca
Daawuda. Mu dikk, ne ko: «Ñaari góor la woon ci ab dëkk. Kenn ka barele, ka ca des néewle.
2 Ki barele am na jur gu bare lool, gu
gudd ak gu gàtt.
3 Waaye ka néewle amul lu dul xar mu
ndaw mu jigéen mu mu jëndoon, yar ko biir këram, muy màggandook ay doomam. Ca njëlam sa la xar ma daan lekk, ca kaasam la daan naane, te ca kaw dënnam la daan tëdd. Xar mi daa meloon ni doomam.
4 Ci biir loolu ku nekk ciw yoon dikk, dal
ak ka barele. Waaye ka barele néegula sàkk ciy gàttam mbaa nagi boppam, ngir toggal ko gan gi dal ak moom. Dafa jël xaru ka néewle, toggal ko gan gi dal ak moom.»

5 Daawuda nag mer lool ca jëfi nit
kooku. Mu ne Natan: «Giñ naa ci Aji Sax jiy dund, dee rekk mooy àtteb waa ji def loolu!
6 Te it menn xar mi, ñeentam la koy feye,
gannaaw moo def jooju jëf, te amu ci jenn yërmande!»
7 Natan ne Daawuda: «Yaw, yaay waa ji!
Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne: "Man maa la fal buurub Israayil, maa la xettali ci Sawul.
8 Maa la jox sa kër sang, maa teg ci say
loxo sa jabari sang, jox la nguurug Israayil ak Yuda. Te bu doyuloon it, ma dolli.
9 Ana lu waral nga ñàkke worma kàddug
Aji Sax ji, di def lu mu ñaawlu? Uri Etteen bi, yaa ko reye saamar. Jabaram nga jël, def ko sa jabar; moom nga reye ko saamaru Amoneen ñi.
10 Kon nag saamar dootul jóge sa kër
mukk, ndax yaa ma ñàkke worma, ba jël jabaru Uri Etteen bi, def ko sa jabar."
11 Aji Sax ji dafa wax ne: "Maa ngii di
yékkati fi sa kaw, musiba mu jóge ci sa kër. Maay jël say jabar, ngay gis, jox leen góor ni yaw, mu tëdde say jabar bëccëg ndarakàmm.
12 Yaw déy ci sutura nga ko defe. Waaye
man, ci kanam Israayil gépp laay sabab mbir moomu, bëccëg ndarakàmm."»

13 Daawuda nag ne Natan: «Maa tooñ Aji
Sax ji.» Natan ne ko: «Aji Sax ji it jéllale na sa bàkkaar; doo ci dee.
14 Du tere nag, gannaaw dangaa
teddadil lool Aji Sax ji ci mbir mii, doom ji nga ci am, moom, day dee rekk.»
15 Ba loolu amee Natan dellu këram.

## *Doomu Daawuda faatu na*

Ba mu ko defee Aji Sax ji daane xale ba
jabaru Uri am ak Daawuda. Xale ba wopp.
16 Daawuda nag tinu Yàlla ci xale bi:
muy woor, fatu, fanaanee tëdd ci suuf.
17 Magi këram soññ ko ngir yékkatee ko fa
suuf, nanguwul, te bokkul ak ñoom lekk dara.
18 Ñu teg ca juróom ñaari fan, xale ba
dee. Surgay Daawuda ya ragala wax Daawuda ne ko xale ba dee na. Booba ña ngay xalaat naan: «Ndegam ba xale bay dund lanuy wax ak moom, dégluwu nu kay, ana nu nu koy waxe ne xale bi dee na, muy def njaaxum?»
19 Daawuda nag gis surgaam ya ñuy
déeyoo, mu xam ne xale bi dee na. Mu ne leen: «Xale bi daa dee?» Ñu ne ko: «Dee na.»
20 Ba mu ko defee Daawuda jóge ca suuf,
sangu, diwu, soluwaat. Ci kaw loolu mu dugg ca kër Aji Sax ji, sujjóot, daldi dem këram, santaane, ñu taajal ko ag lekk, mu lekk.
21 Surga ya ne ko: «Li ngay def lu mu
doon? Bi xale biy dund, danga doon woor aka jooy, léegi bi xale bi deewee, nga jóg, di lekk?»
22 Mu ne leen: «Ba xale biy dese bakkan
laa doon woor aka jooy, ndax dama noon: "Ana ku xam ndax Aji Sax ji dina ma defalu yiw, ba xale bi dund am déet?"
23 Waaye gannaaw léegi dee na, ana lu
may woorati? Dama koo mana dekkal? Man kay maa koy fekki, waaye moom du délsi ci man mukk.»

## *Suleymaan gane na àddina*

24 Ba loolu amee Daawuda dëfal
soxnaam Batseba. Mu daldi dem tëdd ak moom. Gannaaw gi, ndaw si am ca doom ju góor, tudde ko Suleymaan. Aji Sax ji nag sopp xale bi,
25 ba xamle ko, Yonent Yàlla Natan
jottali, daldi koy tudde Yedija (muy firi Soppey Aji Sax ji), ci ndigalu Aji Sax ji.

## *Daawuda nangu na péeyub Amoneen ña*

26 Ci biir loolu Yowab xareek waa Raba,
péeyub Amoneen ña, ba nangu tatay buur
ba.
27 Ba loolu amee Yowab yebal ay ndaw
ca Daawuda, ne ko: «Xare namaak waa
Raba, nangu naa sax seen gox, ba ñuy jële
am ndox.
28 Kon booleel ndesu gàngoor gi, te nga
gaw dëkk bi, ba nangu ko. Lu ko moy
maay nangu dëkk bi, ñu tudde ma ko.»
29 Daawuda nag dajale gàngoor gépp,
daldi dem Raba, xareek ñoom, ba nangu
ko.
30 Ba mu ko defee mu nangu seen
mbaxanam buur ma ñu solal jëmmu tuur
ma ñuy wax Milkom*. Diisaayu mbaxana
maa nga tollu ci fanweeri kiloy wurus ak
ñeent, aw doj wu gànjare tappe ca. Ñu solal
ko Daawuda. Alal ju baree bare la
Daawuda nangoo ca dëkk ba.
31 Waa dëkk ba nag, mu génne leen, teg
leen liggéeyu sañul-bañ, féetale leen ay
xasukaay ak ngajjuy weñ ak sémmiñi weñ,
boole ci di leen móolloo. Noonu la def ak
mboolem dëkki Amoneen ñi. Gannaaw
loolu Daawuda ànd ak gàngooru xareem
gépp, dellu Yerusalem.

# 13

*Amnon tooñ na Tamar*
1 Gannaaw loolu Absalom doomu
Daawuda moo amoon jigéen ju rafet ju
ñuy wax Tamar. Jeneen doomu Daawuda
ju ñuy wax Amnon nag xemmem Tamar.
2 Jaaxle daldi dikkal Amnon, ba mu mujj
wopp ngir Tamar, ab jigéenam, ndax ab
janq la woon. Amnon daldi gis ne pexe mu
muy jaare ba def Tamar lenn dina jafe.
3 Amnon nag amoon na xarit bu ñuy
wax Yonadab doomu Simeya miy doomu
baayu Daawuda. Yonadab, ku ñawoona
ñaw la.
4 Mu ne Amnon: «Waaw, yaw doomu
buur nga, lu la tax ne yogg nii bés bu set?
Doo ma ko wax?» Amnon ne ko: «Tamar,
mi bokk ak sama doomu baay Absalom
ndey ak baay, moom laa bëgg.»
5 Yonadab ne ko: «Dangay tëdd ci sa lal,
wopp-wopplu, ba sa baay dikk, seetsi la,
nga ne ko: “Na sama jigéen Tamar ñëw,
may ma, ma lekk. Na ma toggal ci sama
kanam, may gis, te mu sexal ma ci loxol
boppam.”»
6 Ba loolu amee Amnon tëdd,
wopp-wopplu, ba Buur ñëw di ko seet.
Amnon ne ko: «Na sama jigéen Tamar ñëw
defaral ma ñaari mburu yu ndaw, may gis,
te sexal ma ci loxol boppam, ma lekk.»
7 Daawuda yónnee kër ga ca Tamar, ne
ko mu dem kër càmmiñam Amnon, toggal
ko lu mu lekk.
8 Tamar dem kër càmmiñam Amnon,
fekk ko mu tëdd. Mu sàkk sunguf, noot ko,
defal ko ko ay mburu yu ndaw, lakkal ko
ko, muy gis.
9 Mu noppi, jël ndab la, taajal ko Amnon,
Amnon nag baña lekk. Mu daldi ne: «Na
ñépp génn, wacc ma fi!» Ñépp génn, wacc
ko fa.
10 Mu ne Tamar: «Indil ma lekk gi ci
sama biir néeg, te sexal ma ci sa loxol
bopp, ma lekk.» Tamar jël mburu ya mu
lakk, dugalal càmmiñam Amnon ca biir
néegam.
11 Naka la Tamar dikk, taajal Amnon
mburu ya, ngir mu lekk, mu ne ko katam,
ne ko: «Kaay, tëdd ak man, sama jigéen.»
12 Mu ne ko: «Déedéet sama góor, bu ma
néewal doole, ndax deesul defe nii ci
Israayil! Bul def mukk jooju jëf ju sew!
13 Fu ma jëm ak googu gàcce, man? Te
yaw it dootuloo jar dara ci digg Israayil.
Tee ngaa wax ak Buur? Du ma la baña
may.»
14 Amnon nag dégluwu ko, xanaa néewal
ko doole, ba tëdde ko.
15 Gannaaw loolu Amnon jéppi ko njéefo
lu raw mbëggeel ga mu ko bëggoon. Mu ne
ko: «Jógal, dem!»
16 Tamar ne ko: «Déet, soo ma dàqee, def
ma lu yées li nga ma def ba noppi!» Taxul
Amon nangu koo déglu.
17 Dafa woo bëkk-néegam, ne ko:
«Génneel ma kii te tëj bunt beek caabi.»
18 Surga ba génne ko, tëj bunt baak caabi.
Tamar a nga sol mbubb mu yànj, ndax
booba janqi buur bu séyagul noonu la
daan soloo.

* **12.30** Am na yeneen mbind yu yàgg yu indi ne seen buur lañu daan solal mbaxana mi.

19 Ba loolu amee Tamar sottikoo dóom
ca bopp ba, xotti mbubb mu yànj ma mu
sol, yenu loxo ya, di yuuxuy dem.
20 Càmmiñam Absalom gis ko, ne ko:
«Xanaa Amnon sa càmmiñ see nekkoon ak
yaw? Neel cell rekk, sama jigéen, sa
càmmiñ la. Bul yenu lii mu la def.» Tamar
nag ne cundum, toog ak wéetaayam kër
càmmiñam Absalom.
21 Ba Buur Daawuda déggee mbir
moomu mépp, mu mer lool.
22 Absalom nag jéppi Amnon, ba séqatul
ak moom jenn wax, ndax na mu toroxale
jigéenam Tamar.

### *Absalom feyu na*

23 Ba ñu ca tegee ñaari ati lëmm, Absalom
dem di watlu ay xaram* ca Baal Àccor, fa
feggook diiwaanu Efrayim. Absalom daldi
fay woo doomi buur yu góor yépp.
24 Mu dem ca Buur ne ko: «Buur Sang bi,
man de, damay watlu samay xar. Tee
ngaa ànd ak say jawriñ rekk, nu dem ca?»
25 Buur ne Absalom: «Déet, doom. Bunu
dem nun ñépp. Day diis ci yaw.» Absalom
soññ ko, soññ, Buur nanguwula dem.
Teewul mu ñaanal ko.
26 Absalom nag ne ko: «Bàyyil boog sama
mag Amnon, mu ànd ak nun.» Mu ne ko:
«Lu waral mu ànd ak yaw?»
27 Absalom soññati ko, ba Buur yebal
Amnon, mu ànd ak moom, ak yeneen
doomi buur yu góor yépp.
28 Ba mu ko defee Absalom sant ay
nitam, ne leen: «Ma ne, bu Amnon naanee
biiñ, ba xolam sedd, bu ma leen nee ngeen
jam ko rekk, reyleen ko. Buleen ragal;
man maa leen ko sant. Góor-góorluleen nag
te ñeme.»
29 Niti Absalom ña def ak Amnon la leen
Absalom sant, daldi rey Amnon. Ba loolu
amee yeneen doomi buur yépp daldi war
seeni berkelle, daw.
30 Naka lañu topp yoon wa, xibaar
dikkal Daawuda, ne ko: «Buur, Absalom
jam na sa doom yu góor yépp, ba kenn
desu ca.»
31 Buur daldi xotti ay yéreem, daanu ca
suuf ndax naqar, surgaam yépp taxaw ak
seen yére yu xottiku.
32 Ci kaw loolu Yonadab doomu Simeya
magu Daawuda, daldi wax ak Daawuda.
Mu ne: «Buur sang bi, bul defe ne sa doom
yépp lañu rey de. Amnon rekk a dee, te
mooy la Absalom dogu woon keroog ba
Amnon toroxalee rakkam Tamar.
33 Kon kat Buur sang bi, bul def ci sa xel
ne sa doom yépp a dee. Amnon rekk a
dee.»
34 Fekk na Absalom daw.
Ci kaw loolu ngóor sa aye wattu daldi
séentu, gisul lu moy nit ñu bare ñuy dikk,
awe yoonu Oronayim, bartaloo tund wa.
35 Ba loolu amee Yonadab ne Buur: «Mu
ngoog, Buur sang bi, sa doom yaay dikk.
La ma waxoon a am.»
36 Naka la daane kàddoom rekk, doomi
Buur ya agsi, ne yikkét di jooy. Buur ak
surgaam yépp it, di jooy jooy yu metti.
37 Fekk na Absalom daw, dem ca
buurub Gesur, Talmay doomu Amiyudd.
Buur Daawuda nag di jooy doomam bés
bu nekk.
38 Ba Absalom dawee, dem Gesur, toog
na fa ñetti at.
39 Gannaaw gi, Buur Daawuda toppatul
Absalom, ndax mujj na miis deewug
Amnon.

# 14

### *Absalom délsi na*

1 Ci biir loolu Yowab mi Ceruya di
yaayam, xam ne xelu Buur Daawudaa ngi
ci Absalom.
2 Yowab nag yónnee ca dëkk ba ñuy wax
Tekowa, ñu jëleji fa jigéen ju rafet xel, indil
ko ko. Yowab ne ko: «Dangay
ñaawlu-ñaawlulu. Solal yérey ñaawlu, te bul
xeeñu. Melal daal ni jigéen ju jota ñaawlu
lu yàgg, ngir ku mu deele.
3 Su ko defee nga àgg ca Buur, wax ko lii
ma lay wax.» Yowab wax ko kàddu ya mu
wara wax.
4 Jigéen ja dëkk Tekowa àgg ca Buur,
daanu ci suuf, sujjóotal ko, ne ko: «Buur,
wallu ma!»
5 Buur ne ko: «Lu la dal?» Mu ne ko:
«Man de gore, dama dib jëtun; sama jëkkër
a dee.
6 Sang bi, ñaari doom yu góor laa amoon.
Dañu doon xeex ñoom ñaar ca àll ba te ku

* **13.23** Xari waa penku dañuy bare kawar gu ñuy wat aka ëcc, di ci defar ag wëñ. Bu ñu daan watlu seeni xar, xew mu réy la woon.

leen àtte nekku fa. Kenn ki dóor moroom
mi, rey ko.
7 Bokk yépp daldi jóg dal ci sama kaw,
sang bi. Ñu ne ma: “Jox nu sa doom ji rey
doomu ndeyam, nu rey ko, feyul doomu
ndeyam ji mu rey. Moo dese ndono li, kon
danu koy sàkkal pexe, moom itam.” Dañoo
nara fey wenn xal wi ma dese, ba xañ
sama jëkkër aw tur, xañ ko aw askan ci
kaw suuf.»
8 Buur ne ko: «Demal ñibbi. Man ci sama
bopp maay joxe ndigal ci yaw.»
9 Jigéen ja ne ko: «Buur sang bi, àq ju ci
am, yal na ma topp, maak sama waa kër
baay, te nga bañ cee gàddu dara, yaak sa
waa kër.»
10 Buur ne ko: «Ku la tudd, indil ma ko,
dootu la sonal.»
11 Mu ne ko: «Kon ngalla Buur, woo ci
seede sa turu Yàlla Aji Sax ji, ngir kiy toppe
bakkanu ka dee baña yokk yàqute, ba ñu
rey sama doom ji.» Mu ne ko: «Giñ naa ko
ci turu Aji Sax ji, Kiy dund, kawar gu gëna
tuut du jóge ci sa boppu doom, wadd ci
suuf.»
12 Jigéen ja ne ko: «Buur, sang bi, ma
ñeme laa waxati benn baat boog!» Mu ne
ko: «Waxal.»
13 Mu ne: «Lu waral kon nga naral lu ni
mel ñoñi Yàlla ñi? Buur, boo waxee loolu
kay, mel na ni tooñ nga, ndax jëliwoo sa
doom ja gàddaay.
14 Nun ñépp ay dee ni ndox di tuuroo ba
deesu ko tanqati. Yàlla nag musalul kenn
ci dee, waaye moo lal pexe ngir ki gàddaay
du saxoo gàddaay béreb bu ko sore.
15 Buur sang bi, maa ñëw wax la kàddu
yii, ndax mbooloo mee ma tiital. Ma noon
nag sang bi, naa wax ak Buur, jombul mu
defal ma li may ñaan.
16 Jombul Buur sang bi nangu maa
xettali ci ki nuy fexee boole ak sama doom
sànk, beddee nu ci céru Yàlla.
17 Léegi nag sang bi, yal na sa kàddu gii di
sama noflaay. Ndax yaw Buur, sama sang,
dangaa mel ni malaakam Yàlla, amug
dégg, di teqale liy yoon ak li dul yoon. Yal
na sa Yàlla Aji Sax ji ànd ak yaw.»
18 Buur ne jigéen ja: «Léegi nag, bu ma
nëbbu, tontu ma ci lii ma lay laaj.» Mu ne
ko: «Waxal, Buur, sang bi.»
19 Mu ne ko: «Ndax du Yowab a nas pexe
mii mépp, yaak moom?» Mu ne ko: «Buur,
sang bi, ak sa barke, li nga wax rekk la, du
leneen moos! Yowab, sa jawriñ jee ma ko
sant. Moo ma waxloo lii lépp, sang bi.
20 Jubbanti mbir mii de moo tax Yowab
def lii. Waaye yaw sang bi, danga di
boroom xel mu rafet ni malaakam Yàlla.
Xam nga mboolem lu xew ci réew mi.»
21 Gannaaw gi, Buur ne Yowab: «Waaw,
baax na, nangu naa. Demal jëli ngóor sa,
Absalom.»
22 Yowab nag dëpp jëëm ca suuf, sujjóot,
ne Buur: «Buur, sang bi, yal nanga barkeel,
sang bi. Xam naa ne may nga ma cér,
gannaaw yaa ma may lii may dagaan.»
23 Ba loolu amee Yowab dem Gesur,
daldi delloosi Absalom Yerusalem.
24 Buur Daawuda nag ne, na Absalom
yem këram. Mu ne bumu taxaw ci
kanamam. Ba mu ko defee Absalom yem
këram, te taxawul fa kanam Buur
Daawuda.
25 Absalom nag amul woon góor gu
siiwe ni moom ci Israayil gépp ndax
góorayiw. La ko dale ca wewu tànkam ba ca
digg bopp ba, du lenn lu ca sikk.
26 At mu jotaan mu watu ndax njañ lu
diis, te bu watoo, natt kawar ga ci doomi
nattukaayu buur, mu jege ñaari kilook
genn-wàll.
27 Absalom amoon na ñetti doom yu
góor ak doom ju jigéen. Tamar, doom ju
jigéen ja, doon ndaw su taaru.
28 Absalom nekk na Yerusalem ñaari ati
lëmm yu mu sañula taxaw fa kanam Buur
baayam.
29 Gannaaw gi, Absalom yónnee, ñu wool
ko Yowab ngir mu yónni ko ca Buur.
Yowab lànk, ñëwul. Mu yónneewaat, mu
lànk.
30 Absalom ne ay surgaam: «Gis ngeen,
toolub Yowab mook sama tool a sësoo, te
peppum lors a nga ca. Demleen taal ko.»
Surgay Absalom dem, taal tool ba.
31 Ba loolu amee Yowab waaxu ba ca kër
Absalom, ne ko: «Ana lu waral say surga
taal sama tool?»
32 Absalom ne Yowab: «Xam nga damaa
yónnee ci yaw, ne la ñëwal, ma yónni la ca
Buur, nga laajal ma ko lu ma taxa jóge
Gesur. Li gënoon ci man kay mooy ma toog

foofa! Léegi daal damay gis Buur. Su
fekkee ne damaa tooñ, na ma rey!»
33 Yowab dem ca Buur, wax ko ko. Buur
woolu Absalom. Mu dikk sukk, sujjóotal
ko, dëpp jëëm ci suuf. Buur taf ko ca
kawam.

# 15

## *Absalom lal na pexe*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Absalom daa
jël watiir aki fas ak juróom fukki nit ñuy
daw di ko jiitu.
2 Muy teela jóg nag, taxaw ca peggu
yoon wa jëm ca buntu dëkk ba. Saa yu nit
dikkee, am lu muy tawat, ñëw diis ko
Buur, ngir mu àtte ko, Absalom woo ko,
laaj ko ne ko: «Ci ban dëkk nga bokk?»
Kooku ne ko ci giirug Israayil sàngam la
bokk.
3 Absalom ne ko: «Gisal, sa tawat yoon la,
jaadu na. Waaye kenn ku bokk ci Buur du
la déglu.»
4 Su ko defee Absalom da cay teg ne ko:
«Maa bëggoon ñu fal ma njiit, may àtte ci
réew mi! Kon képp ku am lu muy tawat
mbaa muy layoo, ci man lay ñëw, ma
taxaw ci, ba jox ko li ko yoon may.»
5 Képp ku ñëwaan it di sukkal Absalom,
Absalom da koy yóotu, jàpp ci moom, fóon
ko.
6 Absalom jàppoo ko noonu ak mboolem
bànni Israayil yay ñëw ca buur ba, di sàkku
yoon. Ni la fàbbee xoli bànni Israayil.
7 Ba ñu demee ba ñeenti at jàll, Absalom
ne Buur: «May ma, ma dem Ebron defali
Aji Sax ji la ma ko xasaloon,
8 ndax kat, sang bi, ba ma nekkee Gesur
ca Siri, damaa dige woon ne: "Su ma Aji
Sax ji delloo, ba ma dellu Yerusalem,
dinaa dem màggali ko."»
9 Buur ne ko: «Demal ak jàmm.» Mu daldi
dem Ebron.
10 Absalom nag yónnee ndéey. Ay ndaw
yegge ko giiri Israayil gépp. Mu ne leen:
«Bu ngeen di dégg bufta bu jib rekk, ne
leen: "Absalom falu na buur ca Ebron!"»
11 Ñaari téeméeri góor a jóge Yerusalem,
Absalom woo woon leen, ñu ànd ak moom,
yéguñu, tinuñu, xamuñu it dara ca
mébétam.
12 Ci biir loolu Absalom di def ay sarax,
daldi yónnee, ñu jëli Axitofel ma topp ca
Daawuda, di ko xelal. Axitofel bàyyikoo ca
Gilo. Pexe ma nag mujj na réy, ña topp
Absalom di yokku ba bare.

## *Daawudaa ngi wuta rëcc*

13 Ba mu ko defee ñu yebal ndaw, mu
dikk ne Daawuda: «Bànni Israayil de jàmbu
nañu, ba far ak Absalom.»
14 Daawuda wax ak mboolem jawriñam
ya mu nekkal ca Yerusalem, ne leen: «Nan
daw! Lu ko moy kenn ci nun du rëcc
Absalom. Nan dem léegi bala moo gaawtu,
ba dab nu, def nu musiba, leel waa dëkk bi
ñawkay saamar.»
15 Jawriñ ya ne Buur: «Buur, sang bi, lépp
loo namm rekk, nu ngi nii taxaw.»
16 Ba loolu amee Buur tegu ca yoon wa,
waa këram yépp topp ciy tànkam. Bàyyiwul
gannaaw lu moy fukki nekkaaleem, ñu
wara toppatoo kër ga.
17 Buur dem, mbooloo mépp topp ko, ba
ca kër gu mujj ga, ñu taxaw.
18 Nitam ñépp a dox romb ko, ñook dag
ya ko dar yépp, di waa Keret ñaak waa
Pelet ña, ak mboolem waa Gaat ya tollu ci
juróom benni téeméeri (600) nit te toppe
woon ko ca Gaat. Ña ngay dox jiitu ko.
19 Buur ne Itay waa Gaat ba: «Dangay ànd
ak nun? Tee ngaa dellu Yerusalem, toog ca
Buur Absalom? Gannaaw yaw doxandéem
nga bu gàddaaye fa nga fekk baax.
20 Bëkk-démb doŋŋ nga fi ñëw, tey ma di
la bàyyi ngay ànd ak nun di wëreelu, te
xawma sax fu ma jëm. Dellul, kay, ànd ak
sa waa réew. Yal na la Aji Sax ji won ngor
ak worma.»
21 Itay ne Buur: «Sang bi, giñ naa ci Aji
Sax ji, Kiy dund, nga fekke tey, fépp foo
jëm yaw Buur, sama sang, dinaa fa ànd ak
yaw, su may dund ak su may dee.»
22 Daawuda ne Itay: «Kon doxal jiitu.»
Itay jiitu, mook nitam ñépp ak mboolem
njabootam.
23 Mbooloom Daawuda mépp a ngay
dem, waa réew ma mépp taxaw di
yuuxooka jooyoo. Buur ba jàll xuru
Sedoron, mbooloo ma mépp ànd wuti
màndiŋ ma.

24 Cadog ak Abyatar, sarxalkat yaa nga
fa woon, ñoom itam. Ñenn ca góori Leween
ña bokkoon nañu ca, di gàddu gaal ga
àlluway kóllërey Yàlla ga dence. Ba ñu tegee
gaal ga, Abyatar di rendi ay sarax, ba
mbooloo ma mépp génn dëkk ba.
25 Buur ne Cadog: «Dellool gaalu Yàlla gi
ca dëkk ba. Bu ma Aji Sax ji baaxee, dina
ma delloosi, ma gisaat gaal gi, gisaat fi mu
dëkk.
26 Waaye bu ma waxee ne ma, bégul ci
man, su boobaa ba tey maa ngii, na def li
ko soob ci man.»
27 Buur dellu wax ak Cadog sarxalkat ba,
ne ko: «Dégg nga déy? Dellul ak jàmm ca
dëkk ba, ànd ak Aximàcc, sa doom ju góor,
ak Yonatan doomu Abyatar. Yaak Abyatar
àndleen ak seen ñaari doom yu góor.
28 Xoolal, dinaa leen xaar ca jàllukaayu
dex ba ca yoonu màndiŋ ma, ba keroog
may dégg kàddu gu bawoo ci yaw.»
29 Ba loolu amee Cadog ak Abyatar
delloo gaalu Yàlla ga Yerusalem, daldi fay
toog.

30 Daawudaa ngay wéy, di yéeg tundu
Oliw ya, tey jooy. Ma nga muuru, def tànki
neen ndaxu naqar. Nit ña mu àndal ñépp
muur seen bopp ñoom it, di yéeg tey
jooyoo.
31 Fekk na ñu wax Daawuda ne ko
Axitofel bokk na ca ña lëngook Absalom.
Daawuda nag ñaan ne: «Yaw, Aji Sax ji,
ngalla yàqal pexem Axitofel.»

32 Ba Daawuda àggee ca collu tund wa,
fa ñu daan jaamoo Yàlla, fekku fa ku moy
Usay, Arkeen ba. Mu gatandu ko. Ma ngay
tiislu, mbubb ma xottiku, bopp ba pënd.
33 Daawuda ne ko: «Soo àndee ak man,
danga may diisal rekk.
34 Dangay dellu kay ca dëkk ba, ne
Absalom: "Buur, sab jaam laa. Sa jaamu
baay laa woon, waaye léegi sab jaam laa."
Noonu nga may yàqale pexem Axitofel.
35 Te sax Cadog ak Abyatar, sarxalkat ya,
nga fay bokk nekkal. Loo dégg kër buur,
wax leen ko.
36 Te sax seen ñaari doom yu góor a nga
faak ñoom: Aximàcc doomu Cadog, ak
Yonatan doomu Abyatar. Yónnee ma leen,
ñu yegge ma loo dégg.»
37 Ci kaw loolu Usay, nitu Daawuda,
yoxoosu, duggsi Yerusalem, yemook
Absalom itam di agsi.

# 16

### *Daawuda tase naak surgab Mefiboset*

1 Naka la Daawuda dox ba wees tuuti
collu tund wa rekk, yem ca Ciba, surgab
Mefiboset. Ma nga làng ak ñaari mbaam yu
ñu laltaay, sëf leen ñaari téeméeri mburu
ak téeméeri danki reseñ ak téeméeri danki
figg ak mbuusum biiñ.
2 Buur ne Ciba: «Lii nga indi nag?» Mu
ne ko: «Buur, mbaam yi sa waa kër laa ko
indil, ñu war; mburu meek meññeef mi,
gaa ñi lekk; biiñ bi, ñi loof ci màndiŋ mi
naan ko.»
3 Mu ne ko: «Waaw, ana Mefiboset, sa
sëtu sang ba?» Ciba ne Buur: «Moom de ma
nga des Yerusalem, ndax defe na ne tey
bànni Israayil dinañu ko delloo nguurug
maamam.»
4 Buur ne ko: «Kon boog, may naa la
mboolem alalu Mefiboset.» Mu ne ko:
«Jaajëf Buur sang bi, gis naa ni nga ma
baaxe.»

### *Daawuda tase naak mbokkum Sawul*

5 Gannaaw loolu Buur Daawuda dem
bay jub dëkk ba ñuy wax Baxurim rekk,
yemook jenn waay ju bokk ci waa kër
Sawul. Ma nga tuddoon Simey doomu
Gera. Naka la waa ja ne tëll, jubsi, di
tifaare Daawuda ay saaga,
6 di ko sànni ay xeer, mooki jawriñam
yépp. Faalewul kenn ci mbooloom
Daawuda ma mépp ak jàmbaar ya ko dar
yépp.
7 Simey a ngay saaga Daawuda naan:
«Ayca, mott! Bóomkat bee, nit ku sew ki!
8 Aji Sax ji fey na la dereti waa kër Sawul
ja nga tuur yépp, ba noppi falu, wuutu ko.
Aji Sax ji teg na nguur gi ci sa loxol doom
Absalom. Yaa ngi nii torox ndax bóomkat
nga.»
9 Ci kaw loolu Abisay, waa ja Ceruya di
yaayam, ne Daawuda: «Buur, sang bi, luy
ndeyi xaj bu dee bii di la saaga? Bàyyil
rekk ma jàll, teqale boppam ak baatam!»
10 Buur ne ko: «Yeen doomi Ceruya yi, lu
ciy seen yoon? Sañ na maa saaga. Su ko

Aji Sax ji santee mu saaga ma, ana ku ko
saña laaj lu tax?»
11 Ba loolu amee Daawuda wax ak
Abisay ak jawriñam yépp, ne leen: «Du gis
ngeen sama doom ji ma jur ci sama geño,
muy wuta faat sama bakkan? Kon kay kii
bokk ci giirug Beñamin matula wax.
Bàyyileen ko, mu saaga ma, ndax Aji Sax
jee ko ko sant.
12 Jombul Aji Sax ji gis sama naqar, ba
feye ma aw yiw saagay kii tey.»
13 Ba mu ko defee Daawuda ànd aki
nitam topp yoon wa, Simey làng ak moom
ca mbartalu tund wa, di dem, di ko
saagaaka sànni xeer, di ko sëllax suuf.
14 Gannaaw gi, Buur ak mbooloo ma mu
àndal mépp agsi, sonn lool. Ñu daldi
noppalu foofa.

## *Absalom dugg na Yerusalem*

15 Fekk na Absalom agsi Yerusalem, ànd
ak mboolem niti Israayil ñi far ak moom.
Axitofel a nga ànd ak moom.
16 Usay, Arkeen ba doon nitu Daawuda,
dem ca moom, ne ko: «Yal na Buur gudd
fan waay, yal na Buur gudd fan!»
17 Absalom ne Usay: «Loolooy sa kóllëre
ak sab xarit a? Lu la teree ànd ak sab
xarit?»
18 Usay ne Absalom: «Déedéet, ki Aji Sax
ji tànn, mbooloo mii tànn ko, ñook
mboolem bànni Israayil, kookoo may
moom, te ci moom laay toog.
19 Te sax ku may topp ku dul yaw,
doomu buur? Ni ma toppe woon sa baay
rekk laa lay toppe tey.»
20 Ci kaw loolu Absalom ne Axitofel:
«Xelalleen nu boog, lu nu wara def?»
21 Axitofel ne ko: «Demal tëdde sa
nekkaaley baay yi mu wacce këram, ñu di
ko toppatoo. Su ko defee bànni Israayil
yépp dinañu xam ne def nga lu tax sa baay
jéppi la. Dina tax say farandoo gëna am
fit.»
22 Ba loolu amee ñu sampal Absalom
xayma ca kaw taaxum kër buur, Absalom
di tëdde nekkaaley baayam, Israayil gépp
seede ko.
23 Booba lu Axitofel masaana digle day
mel ni kàddu gu bawoo ca Yàlla.
Daawudaak Absalom, ñoom ñaar ñépp
noonu lañu fonke woon ndigalu Axitofel.

# 17

## *Usay nax na Absalom*

1 Gannaaw loolu Axitofel ne Absalom:
«Ngalla may ma, ma tànn fukki junniy
xarekat ak ñaar (12 000) te dàqi Daawuda ci
guddi gi.
2 Bu may dal ci kawam, da koy fekk mu
sonn, jàq. Su ko defee ma xoqtal ko, ba
mbooloo mi mu àndal mépp daw, ma rey
ko, moom kenn.
3 Dinaa la delloosil mbooloo mépp. Bu ki
ngay fexeel deewee rekk, mbooloo mi
mépp délsi, jàmm ne ñoyy.»
4 Pexe moomu nag jub ci Absalom,
mook magi Israayil ñépp.
5 Teewul Absalom ne: «Wooleen Usay,
Arkeen bi itam, nu déglu lu mu ciy wax.»
6 Usay dikk ca Absalom, mu wax ko la
Axitofel digle, ne ko: «Ndax loolu Axitofel
wax lanu wara def am déet? Wax nu lu ciy
sa xalaat, yaw.»
7 Usay ne Absalom: «Li Axitofel digle bii
yoon de baaxul.
8 Xam nga sa baay ak ay nitam. Ay
xarekat yu jàmbaare lañu te wex ni rabu àll
wu ñu nangu doom ya, te it, sa baay ku
xam xeex la, du fanaan ak xarekat ya.
9 Xam naa ne ma nga làqu ci xuntum
xeer, mbaa béreb rekk. Te bu aw nit
njëkkee daanu ci seen biir yeen, ku ko dégg
dina ne: “Jéll bu réy am na ca mbooloom
Absalom.”
10 Su boobaa, ku ñeme, ba dëgëru fit ni
gaynde sax, dinga tiit lool, ba ne yàcc,
ndax Israayil gépp xam nañu ne sa baay
jàmbaaru xare la, te it ñi ànd ak moom ñeyi
xare lañu.
11 Kon sama xalaat mooy nga boole ñi
ànd ak yaw ba ñu daj, muy Israayil gépp,
dale ko diiwaanu Dan ca bëj-gànnaar, ba ca
Beerseba ca bëj-saalum. Muy mbooloo mu
bare, tollu ni suufas géej; te yaw ci sa
bopp, nga jiite leen ci xare bi.
12 Nu song ko nag fu nu ko mana fekk,
dal ci kawam, ni ab lay ci kaw suuf. Deesu
ci bàyyi kenn muy dund, du moom, du
kenn ciy nitam.
13 Su làqoo ci ab dëkk bu mag, na Israayil
gépp yóbbaale ay buum ca tata ja, nu laaw

ko, wat ba ca xur wa, ba kenn dootul gis
aw doj wu ca bokkoon.»
14 Absalom ak waa Israayil gépp daldi
ne: «Ndigalal Usay, Arkeen bii kat, moo gën
ndigalu Axitofel.» Booba Aji Sax jee nara
indil Absalom musiba. Moo tax mu neenal
pexem Axitofel mu jub ma mu laloon.
15 Ci kaw loolu Usay wax ak Cadog ak
Abyatar sarxalkat ya, nettali leen la
Axitofel digal Absalom ak magi Israayil
ña, ak la mu leen digal, moom Usay.
16 Mu ne leen: «Gaawleen yónnee léegi ca
Buur Daawuda te wax ko ne ko bumu
fanaan fa ñuy jàlle dex ga, jëm ca màndiŋ
ma. Na jàll a jàll dex ga, lu ko moy dees na
ko bóom, mook mbooloo ma mu àndal
mépp.»
17 Ma nga fekk Yonatan ak Aximàcc ca
En Rogel. Manuñu woona dugg ca biir
dëkk ba, ndax ragal ñu gis leen. Ab jaam
bu jigéen nag di dem ca Yonatan ak
Aximàcc, di leen wax la xew, ngir ñu dem
ca Buur Daawuda, yegge ko ko.
18 Teewul ab xale bu góor gis leen, wax
ko Absalom. Ba mu ko defee ñu ànd ñoom
ñaar, gaaw dem ca kër jenn waay ju dëkk
Baxurim. Waa ja am ab teen ca ëttam, ñu
dugg ca biir.
19 Ci kaw loolu soxna sa jël basaŋ, lal ko
ca pindu teen ba, ba noppi wasaare pepp
ca kaw, ba kenn du ca foog dara.
20 Jawriñi Absalom dikk ca kër ga, fekk
fa ndaw sa, ne ko: «Ana Aximàcc ak
Yonatan?» Ndaw sa ne leen: «Jéggi nañu
dex gi.» Ñu seet, gisuñu kenn, daldi dellu
Yerusalem.
21 Gannaaw ba ñu demee, Aximàcc ak
Yonatan yéeg, génn teen ba, dem nag artuji
Buur Daawuda. Ñu ne ko Axitofel digle na
nàngam ak nàngam ci moom, neeti ko:
«Gaawleen jàll dex gi léegi.»
22 Ca saa sa Daawudaaki nitam ñépp jàll
dexu Yurdan ga. Ba jant bay fenk, kenn
sax desul ku jàllul dex ga.
23 Ci biir loolu Axitofel gis ne déggeesul
ndigalam, mu takk mbaamam, ñibbi ca
dëkk ba mu fekk baax. Mu daldi toppatoo
mbiri këram ba mu jekk, ba noppi wékk
boppam. Mu dee, ñu denc ko ca sëgi
baayam.
24 Ba mu ko defee Daawuda àgg
Maxanayim, fekk Absalom di jàll dexu
Yurdan, ànd ak xarekati Israayil yépp.
25 Amasa nag la Absalom faloon, mu
jiite gàngooru xare ga, wuutu Yowab.
Amasa moo doon doomu góor gu ñuy wax
Yittra, di bànni Israayil bu jëloon Abigayil
mi Naxas di baayam. Abigayil ak Ceruya,
yaayu Yowab, ñoo bokk ndey.
26 Bànni Israayil daldi ànd ak Absalom
dal ca diiwaanu Galàdd.
27 Ba Daawuda àggee Maxanayim, Sobi
doomu Naxas mu Raba ga ca dëkkub
Amoneen ña, moo ko teertu, mook Makir
doomu Amyel ma dëkk Lodebar; ak
Barsilay waa Galàdd ba dëkk Rogelim.
28 Ñu daldi indi ay laltu aki ndab aki
njaq, ak peppum bele ak peppum lors ak
sunguf ak mbool ak xeeti ñebbe
29 ak lem akum soow aki gàtt ak
formaasu nag, ngir Daawudaak
mbooloom lekk. Ndaxte booba dañu ne:
«Mbooloo mi de, xiif ak mar lañu boole ak
coonob màndiŋ ma.»

# 18

*Daawuda xare naak Absalom*

1 Ba loolu weesoo Daawuda xayma na
mbooloo ma mu àndal, fal ca seen biir
njiiti kuréeli junniy xarekat, kuréel gu ci
nekk ak njiiti kuréeli téeméer ya ko sos.
2 Daawuda def mbooloo ma ñetti xaaj,
yebal leen. Benn xaaju mbooloo ma,
Yowab jiite leen; beneen xaaj ba, Abisay
doomu baayu Yowab mi Ceruya di
yaayam, jiite leen; xaaj ba ca des Itay waa
Gaat ba jiite leen. Buur ne gàngooru xare
ga: «Damay ànd ak yeen, man itam.»
3 Teewul mbooloo ma ne ko: «Déedéet,
yaw doo ànd ak nun! Ndax nun su ñu nu
dàqee, du am boobu solo. Bu sunu
genn-wàll deewee it, du am benn solo.
Waaye sa jenn jëmm jii mooy fukki junni ci
nun. Kon nag desal nu ci dëkk bi, di nu fi
yónnee wall, moo gën.»
4 Buur ne leen: «Baax na, kon ma def
noonu.» Ba loolu amee Buur taxaw ca
buntu dëkk ba, xarekat ya def ay kuréeli
téeméer ak kuréeli junni, daldi génn dem.
5 Buur nag digal Yowab ak Abisay ak
Itay, ne leen: «Seetleen ci man te def ndànk

ak ngóor si Absalom.» Xarekat yépp a dégg
kàddu googu Buur dénk njiit ya ca mbirum
Absalom.
6 Mbooloo maa nga jëm ca toolub xare
ba, di xarejeek Israayil. Xare baa nga ame
ca gott ba ñuy wax Efrayim,
7 mbooloom Israayil nag daanu foofa ca
kanam xarekati Daawuda. Bésub keroog
ñu baree dee: ñaar fukki junnee (20 000)
daanu.
8 Xare ba daa law foofa ba daj diiwaan
ba bépp; te ña dee ca gott ba bésub keroog
ñoo ëpp ña saamar rey.

9 Ci biir loolu Absalom ne pemm taseek
xarekati Daawuda. Ma nga war berkelle.
Berkelle ba fëx wuti garab gu réy, te
bànqaas ya fatt. Boppu Absalom tance ca
garab ga, berkelle ba mu war topp xélam,
mu des fa di sandaamtalu.
10 Ba mu ko defee jenn waay gis ko,
dem, wax ko Yowab, ne ko: «Ki ma gis de,
Absalom a, ma nga wékku ci genn garab.»
11 Yowab ne ko: «Nga ne? Gis nga ko te
jamoo ko foofa, mu daanu? Kon de doon
naa la jox fukki dogi xaalis, takkal la
ngañaayal xarekat tegal la ca.»
12 Waa ja ne Yowab: «Ku tegoon ci sama
loxo junniy dogi xaalis sax, duma yékkati
sama loxo jëmale ko ci doomu buur. Noo
déggal sunu bopp Buur sant la, yaak
Abisay ak Itay, ne leen: “Na ma ku nekk ci
yeen dimbali, te def ndànk ak ngóor si
Absalom.”
13 Su ma jaayoon sama bakkan, ba def
njekkar it, amul dara lu ump Buur, te kon
it yaw danga ciy raxas say loxo.»
14 Yowab ne ko: «Duma la déglu sax, nga
di ma yàggal!»

Ci kaw loolu Yowab jël ñetti bant yu ñaw,
jam ko Absalom ci xol, fekk ko muy dund
ba tey ca xolu garab ga mu tancu.
15 La ca tegu fukki nit ña doon gàddul
Yowab ngànnaayam, dikk wër Absalom,
jam ko, mu dee.
16 Yowab wal bufta ba, dakkal xare ba,
xarekat ya noppee dàq waa Israayil.
17 Ñu jël néewub Absalom, sànni ci kàmb
gu réy ca àll ba, daldi jóor ca kawam jalu
xeer bu maga mag. Bànni Israayil yépp
nag daw ñibbi seeni kër.
18 Absalom moo samplu woon cig
dundam, doj wu mag wa ca xuru Buur,
ndax da noon: «Bàyyiwuma doom ju góor ju
ñu may fàttalikoo.» Moo tax mu tudde doj
wa boppam, te doju Absalom lañu koy
woowe ba tey jii.

## *Lu jëm ci tàggeb Absalom*

19 Ba loolu wéyee Aximàcc doomu Cadog
ne: «May ma rekk ma daw yégali Buur
xibaar bii, ne ko Aji Sax ji musal na ko ciy
noonam.»
20 Yowab ne ko: «Du yaw yaay yégle
xibaar tey jii. Man ngaa yégle xibaar
beneen yoon, waaye du yaay yégleji tey,
ndax doomu buur a dee.»
21 Yowab nag wax ab waa Kuus, ne ko:
«Demal wax Buur li xew.» Waa Kuus ba
sujjóotal Yowab, daldi dem.
22 Aximàcc doomu Cadog dellu ne
Yowab: «Lu ci mana xew, may ma rekk,
man itam ma daw topp ci gannaaw waa
Kuus bi.» Yowab ne ko: «Doom, lu la taxa
bëgga dem, lii du xibaar bu ko jar.»
23 Mu ne ko: «Lu ci mana am, bëgg
namaa dem.» Yowab ne ko: «Demal!»
Aximàcc daw, jaare ca joor ga, ba njëkk
waa Kuus ba.
24 Daawudaa nga toog ca diggante
buntu dëkk ba féete biir ak bunt ba féete
biti. Fekk na wattukat ba yéeg ca kaw taax
ma tiim buntu dëkk ba, ca kaw tata ja.
Naka la dawal bëtam, séentu, gis jenn waay
juy daw moom kenn, di ñëw.
25 Wattukat ba àddu ca kaw, yégal ko
Buur. Buur ne: «Gannaaw kenn nit la de,
xibaaru jàmm lay indi.» Waa ja di gëna
jegesi,
26 wattukat ba gis jeneen waay juy daw
di ñëw, mu wax ko farbay bunt ba, ne ko:
«Xoolal, keneen a ngi, di ñëw, moom kenn.»
Buur ne: «Kooku it de xibaaru jàmm lay
indi.»
27 Wattukat ba ne: «Ni ma gise ki jiitu de,
dawinu Aximàcc doomu Cadog la ma jox.»
Buur ne: «Kooku ku baax la, jàmm rekk lay
waxsi.»
28 Ci kaw loolu Aximàcc àddu ca kaw, ne
Buur: «Jàmm la!» daldi sujjóotal Buur,
dëpp jëëm fa suuf, ne ko: «Buur, sang bi,
cant ñeel na sa Yàlla Aji Sax ji, moom mi
teg ci sa loxo ña la doon fexeel.»

29 Buur ne ko: «Ngóor sa Absalom nag,
mbaa jàmm la am?» Aximàcc ne ko: «Sang
bi, ba Yowab di yónni sa bëkk-néeg ak man,
booba gis naa kër-kër ju réy, waaye
xawma lu mu doon.»
30 Buur ne: «Randul, taxawe nii.»
Aximàcc randu, taxaw ca wet ga.
31 Ci kaw loolu waa Kuus ba ne jimeet.
Mu ne: «Buur, sang bi, déglul, xibaaru jàmm
a ngi. Aji Sax ji musal na la bésub tey ci ña
la doon fexeel ñépp.»
32 Buur ne waa Kuus ba: «Ngóor si
Absalom mbaa jàmm la am?» Waa Kuus
ba ne ko: «Buur sama sang, say noon ak
mboolem ñi lay fexeel, yal nañu bokk ak
ngóor soosu demin.»

# 19

1 Naka la Buur dégg loolu, naqar wu réy
jàpp ko. Mu dem ca biir néeg ba, ca taax
ma tiim buntu dëkk ba, di jooy. Ma ngay
dem te naan: «Wóoy Absalom sama doom
ja! Éey sama doom ja, céy Absalom sama
doom ja! Éey waay su ma sañoon dee sax
wuutu la, Absalom, doom. Éey waay sama
doom ja!»

## *Yowab sikk na Daawuda*

2 Ci biir loolu ñu wax Yowab ne ko: «Buur
Daawuda kat ma ngay jooy, di mititlu
deewu doomam Absalom.»
3 Moo tax ndam la bésub keroog
walbatiku diw tiis ca gàngooru xarekat ya
yépp, ndax lañu dégg ne Buur a ngay
mititlu deewu doomam.
4 Xarekat ya nag di yoxoosuy dugg bésub
keroog ca Maxanayim, mel ni nit ñu dawe
xare, di yoxoosuy ñibbisi, ndax gàcce.
5 Buur a nga dar kanamam, di jooy, baat
bay jib ca kaw. Ma nga naan: «Wóoy
Absalom, sama doom ja! Céy waay
Absalom, sama doom ja! Éey waay sama
doom ja!»
6 Ba loolu amee Yowab fekk Buur ca kër
ga, ne ko: «Bésub tey jii toroxal nga
mboolem ñi la topp, ba musal sa bakkan
bésub tey, musal sa bakkani doom, góor ak
jigéen ak sa bakkani soxnaak say
nekkaale.
7 Ndax yaw dangaa bëgg ñi la bañ, bañ
ñi la bëgg. Biral nga tey ne kilifay xarekat
yeek xarekat yépp, tekkiwuñu dara ci yaw.
Bir na ma ne bu Absalom doon dund tey
te nun ñépp nu bokk dee, moo lay gënal.
8 Léegi nag, jógal kat génn wax ak say nit,
ruccanti leen. Ndax giñ naa ci Aji Sax ji,
soo génnul, du kenn ku fiy bokk fanaan ak
yaw tey. Te loolu de musiba lay doon ci
yaw, mu gëna réy musiba mu la masa dal,
ba ngay ndaw ba tey.»
9 Buur daldi jóg, génn, toog ca buntu
dëkk ba. Ñu wax mbooloo ma mépp ne
leen: «Gisleen Buur a ngee toog ca bunt
ba.» Mbooloo mépp dikk taxaw ci wetam.
Fekk na bànni Israayil ya faroon ak
Absalom daw ñibbi ca seeni kër.

## *Daawudaa ngi dellu Yerusalem*

10 Ba loolu amee giiri bànni Israayil yépp
diisoo ci seen biir. Ña nga naan: «Buur
Daawudaa nu xettali woon ci sunuy noon,
rawatina Filisteen ñi. Bu dawee génn réew
mi, Absalom a ko waral.
11 Gannaaw Absalom ma nu faloon mu
jiite nu, dee na ca xare ba, lu nu tee wax lu
jëm ci delloosi Buur Daawuda?»
12 Ci kaw loolu Buur Daawuda ci wàllu
boppam yónnee ca Cadog ak Abyatar,
sarxalkat ya, ne leen: «Waxleen ak magi
Yuda, te laaj leen, ne leen: “Xanaa ñépp
duñu jéem lu delloosi Buur këram, yeen
ngeen des gannaaw, te moom ci boppam
dégg na kàddug bànni Israayil gépp.
13 Yeen de yeenay bokki buur lenqe,
ngeen bokk ak moom jenn deret; kon
xanaa ñépp duñu delloosi Buur, ngeen des
gannaaw?”
14 Te ngeen waxal ma Amasa ne ko:
“Buur nee, xanaa doo mbokkam lenqe, di
deretam? Nee yal na ko Yàlla teg mbugal
mu gëna tar ndegam du la fal, nga jiite
gàngooru xare gi ba fàww, wuutu Yowab.”»
15 Kàddu yooyu nag waññi xolu Yudeen
ñépp, ñu bokk genn kàddu, daldi yónnee ca
Buur ne ko mu délsi, mook nitam ñépp.

## *Simey tuubal na Daawuda*

16 Gannaaw loolu Buur Daawuda
walbatiku, dikk ba àgg dexu Yurdan,
Yudeen ña dikk, teertusi ko ca Gilgal, ngir
jàllale ko dexu Yurdan.
17 Simey doomu Geraa ngay gaawtu.
Mooy waa Baxurim ba askanoo ci

Beñamin. Ma nga ànd ak Yudeen ña, di
teertu Buur Daawuda.
18 Junniy nit ñu askanoo ci Beñamin a ko
topp, ñook Ciba, surgab waa kër Sawul, ak
fukki doomam yu góor ak juróom, ak ñaar
fukki surgaam. Ñu riirandoo ca dex ga, di
gatandu Buur Daawuda.
19 Ci kaw loolu ñu jàll dex ga, ngir jàlle
waa kër buur, defal ko coobareem. Ba
Buur Daawuda di waaja jàll dex ga, Simey
doomu Gera da ne gurub sukk, sujjóotal
ko,
20 ne ko: «Buur, sang bi, ngalla bu ma
toppe lu ñaaw li ma def. Bu ma jàppal mer
ndax li ma la tooñ, keroog ba ngay jóge
Yerusalem. Ngalla bu ma ko dencal ci sa
xol,
21 ndaxte xam naa ne bàkkaar naa, sang
bi. Waaye xoolal tey, Buur, sang bi, waa
giirug Yuusufa gépp, maa ci njëkka ñëw
gatandusi la.»
22 Abisay ma yaayam di Ceruya ne
Buur: «Simey mii, lu muy wax nii? Kii
deesu ko rey? Du moo la doon saaga, yaw
mi Aji Sax ji fal?»
23 Daawuda ne Abisay: «Yeen, doomi
Ceruya, lu ciy seen yoon, ba ngeen di ma
ŋàññ nii tey? Xam naa xéll tey ne maay
buurub Israayil. Kon ana ku wara rey
kenn tey ci Israayil?»
24 Buur nag wax Simey ne ko deesu ko
rey, daldi ko koy giñal.

## *Daawuda baaxe na Mefiboset*

25 Ci kaw loolu Mefiboset, sëtub Sawul,
dikk moom it, di teertusi Buur. Diggante
bés ba Buur gàddaayee nag, ba bésub
keroog ba mu délseek jàmm ca Yerusalem,
Mefiboset jànguwul, watul sikkimam, te
fóotul ay yéreem.
26 Naka la Mefiboset dikk ca Buur, di ko
teertu, Buur ne ko: «Mefiboset, lu la tee
woona ànd ak man?»
27 Mu ne ko: «Éy Buur, sang bi, sama
surga Ciba moo ma nax de, sang bi, ndax
man, dama noon damay takklu sama
mbaam war, gannaaw ab lafañ laa. Su ko
defee ma ànd ak yaw. Yaay sama sang.
28 Waaye sama surgaa yàq sama der ci
yaw. Yaw nag Buur, sang bi, ndokk ba nga
matee ba mel ni malaakam Yàlla. Kon
sang bi, defal li la soob.
29 Ndax kat sang bi, du kenn ci sama
askanu maam ku yelloowul lu moy nga
rey ko. Terewul danga maa xajal, sang bi,
boole ma ci ñiy bokk ak yaw ndab. Kon
Buur, ana lu ma la sañatee ñaan?»
30 Buur ne ko: «Ana looy waxati lii lépp?
Dogal naa yaak Ciba, ngeen séddoo suuf
si.»
31 Mu ne Buur: «Amul solo, Buur, sang
bi; na jël lépp sax, ndegam yaw ñibbisi
ngaak jàmm sa biir kër kay!»

## *Daawuda tàggatoo na ak Barsilay*

32 Fekk na Barsilay ma bokk ca Galàdd
jóge woon Rogelim, ngir gunge Buur
Daawuda, ba mu jàll dexu Yurdan, bala
moo tàggatoo ak moom ca wàllaa dex ga.
33 Barsilay mag la woon. Amoon na
juróom ñett fukki at. Moom moo daan
toppatoo Buur diir ba mu nekkee
Maxanayim, ndax nit ku bare alal la
woon.
34 Buur ne Barsilay: «Jàllal nu dem, nga
toog ci man, ma yor la ca Yerusalem.»
35 Mu ne Buur: «Moo, man, Buur, lu ma
deseeti ciy fan, bay ànd ak yaw dem
Yerusalem!
36 Maa ngi ci juróom ñett fukki at tey, te
xamatuma lu neex ak lu naqari. Sang bi,
man xamatuma sax lu ma lekk di saf
mbaa naan, te baatu woykat sax safatu
ma dara, muy góor, di jigéen. Kon ana lu
ma lay diisalati doye?
37 Naa jàll dex gi, gunge la tuuti rekk,
Buur. Te sax gisuma lu jar nga di ma defal
boobu yool!
38 Bàyyil rekk sang bi, ma ñibbi, ndax ma
deewi sama dëkk, ñu denc ma ca sama
wetu ndey ak sama baay. Waaye ma ne,
Buur, sang bi, Kimam a ngoogu di sa
surga. Na ànd ak yaw jàll. Defal ko lu la
soob.»
39 Buur ne ko: «Baax na, na Kimam ànd
ak man, nu jàll. Dinaa ko defal li nga bëgg,
te loo bëgg ma defal la ko rekk, dinaa la ko
defal.»
40 Noonu la mbooloo ma mépp jàlle dexu
Yurdan, Buur it jàll. Buur nag taf Barsilay
ca kawam, ñaanal ko, Barsilay doora ñibbi
këram.

41 Ba mu ko defee Buur jàll ba Gilgal,
Kimam ànd ak moom. Mbooloom Yuda
gépp ak ñenn ci mbooloom Israayil itam
ànd ak Buur dem.
42 Naka la loolu am rekk waa Israayil
yépp dikk ca Buur, ne ko: «Buur Daawuda,
ana lu waral sunu bokki Yuda yi aakimoo
la, jàlle la dexu Yurdan, yaak sa waa kër ak
sa nit ñi nga àndal ñépp?»
43 Waa giirug Yuda gépp nag mànkoo ne
waa Israayil: «Li ko waral mooy Buur da di
sunu mbokk lenqe. Ana lu ngeen di mer ci
loolu? Danoo lekkal Buur dara mbaa nu
sàkkal sunu bopp lenn ci alalam?»
44 Waa Israayil ne waa Yuda: «Noo leen
ëpple ci Buur fukki yoon, noo leen ëpp
sañ-sañ fopp ci Daawuda. Lu ngeen nuy
xeebe? Xanaa du noo njëkka wax lu jëm ci
delloosi sunu buur?» Ci kaw loolu waa
Yuda dellu tontu waa Israayil kàddu yu
gënatee ñagas.

# 20

## *Seba jàmbu na*

1 Booba nit ku bon a nga woon ca
mbooloo ma, ku ñuy wax Seba, di doomu
Bikkri ma bokk ca giirug Beñamin. Seba
wal bufta ba, di liit gu ñu defare béjjénu
kuuy, daldi yéene ne:

«Sunu yoon nekkul ci Daawuda doomu
Yese jii,
du benn cér bu nu am ci moom.
Yeen waa Israayil, ku nekk ca sa xayma!»

2 Ba mu ko defee waa Israayil yépp
jàmbu Daawuda, topp Seba doomu Bikkri.
Teewul waa giirug Yuda ñoom taq ci seen
buur, toppe ko dexu Yurdan ba
Yerusalem.
3 Buur Daawuda nag ñibbi këram ga ca
Yerusalem. Teewul fukki nekkaaleem ña
mu waccoon ñuy toppatoo kër ga, da leena
boole denc ci genn kër, ñu di leen fa wattu.
Mu yor leen fa, te tëddeetu leen. Dees leen
faa denc ba keroog ñuy dee, ñu mel ni ay
jëtun.
4 Gannaaw loolu Buur ne Amasa ma
jiite gàngooru xareem: «Danga may wool
góori Yuda, ñu dajesi ci man fii ak ñetti fan,
te yaw itam nga dikk taxaw fii.»
5 Amasa dem woowi Yudeen ña, yàgg ca
ba wees diir ba ko Buur àppaloon.
6 Daawuda nag ne Abisay: «Seba doomu
Bikkri jii de dina nu lor lu raw la nu
Absalom loroon. Àndal ak ñenn ci samay
dag te dàqi ko, lu ko moy dina gis fu mu
làqu ci ay dëkk yu ñu wërale ay tata, ba raw
nu.»
7 Ba loolu amee niti Yowab ña ànd ak
waa Keret ñaak waa Pelet ñay dar
Daawuda, ak xarekat yépp. Ñu jóge
Yerusalem dàqi Seba doomu Bikkri.
8 Dem nañu ba tollu ca doj wu mag wa
ca Gabawon, doora gis Amasa, muy dox di
dajeek ñoom. Yowab a nga sol yérey
xareem, laxasaay ga ca ndigg la ànd ak
saamar bu roofe ca mbaram. Naka la séqi
jéego jëm kanam, saamar ba rot.
9 Yowab ne Amasa: «Mbokk mi, mbaa
jàmm nga am?» Yowab jàpp sikkimu
Amasa ca loxol ndijooram, mel ni ku koy
fóon.
10 Amasa foogul dara ci saamar ba ca
loxol càmmoñu Yowab. Yowab bojj ko ko ci
biir, wàlli ay butitam ci suuf. Tóllantiwul
sax, Amasa dee.

Ci kaw loolu Yowab ànd ak rakkam
Abisay, dàqi Seba doomu Bikkri.
11 Ci biir loolu kenn ci niti Yowab ña
taxaw fa Amasa tëdd, daldi ne: «Ku sopp
Yowab ak képp ku ànd ak Daawuda na
topp Yowab.»
12 Néewub Amasaa nga ca digg yoon wa,
sangoo deretam. Waa ja gis ne képp ku
dox ba tollook moom, taxaw nga fa. Naka
la waa ja gis ñépp di taxaw foofa, mu diri
néew ba, jële ko ca yoon wa, ba ca àll ba.
Mu sànni malaan ca kawam.
13 Ba ñu fa jëlee néewub Amasa, ñépp ànd
ak Yowab dàqi Seba doomu Bikkri.

14 Yowab jaar ca giiri Israayil gépp ba ca
Abel Bet Maaka. Waa Ber gépp daje topp
ko.
15 Ñu dikk gaw dëkk ba ñuy wax Abel Bet
Maaka, fa Seba làqu. Ci kaw loolu ñu jal
suuf fa sës ca buntu dëkk ba, mu kawe ba
tollook tatay dëkk ba. La ca tegu xarekati
Yowab yépp di yàqate tata ja wër dëkk ba
ngir màbbal ko.

16 Ci biir loolu sennas ndaw su am xel ca
dëkk ba, woote ne leen: «Dama ne,
dégluleen! Neleen Yowab mu ñëw, ma wax
ko.»

17 Yowab dem ba ca moom, ndaw sa ne
ko: «Yaa di Yowab?» Mu ne ko «Waaw.» Mu
ne ko «Sang bi, déglul samay kàddu.» Mu ne
ko: «Ãa.»
18 Mu ne ko: «Daa nañu wax bu njëkk
naan: "Lu waay di laaj, na dem Abel, tont
laa nga fa." Su ko defee, wax ja jeex.
19 Nun danu di niti jàmm ñu am kóllëre ci
digg Israayil. Yaw nag yaa ngi wuta tas
dëkk bu mag bu jaboote ñi ko wër ñépp ci
digg Israayil. Ana lu waral nga namma
mëdd dëkk bu Aji Sax ji séddoo?»
20 Yowab ne ko «Yàlla tere, tereeti ko,
may mëdd aka faat kenn!
21 Du loolu! Jenn waay ju ñuy wax Seba
doomu Bikkri te bokk ca waa tundi
Efrayim, moo jógal Buur Daawuda.
Joxleen ma ko moom doŋŋ, ma bàyyi dëkk
bi te dem.» Ndaw sa ne Yowab: «Xoolal,
boppam lañuy tollu ci kaw taax mi, sànni
la ko.»
22 Ndaw sa nag dem ca mbooloo ma
mépp, xelal leen pexeem mu jub moomu.
Ñu dog boppu Seba doomu Bikkri, sànni ko
Yowab. Yowab wal bufta ba, nitam ña
tasaaroo, bàyyi dëkk ba, ku nekk ñibbi
këram. Yowab daldi dellu Yerusalem ca
Buur.

### *Lu jëm ci jawriñi Daawuda*

23 Yowab moo jiite woon gàngooru
xarem Israayil gépp; Benaya doomu
Yoyada yilif dag ya dar Buur, te di waa
Keret ak waa Pelet;
24 Adoram di saytu liggéey ya ñuy sase;
Yosafat doomu Axiludd yor kàddug Buur;
25 Sewa di bindkat; Cadog ak Abyatar di
ay sarxalkat;
26 Ira ma fekk baax Yayir itam di
sarxalkatu Daawuda.

# Yenn xew-xew a ngii

## 21

*(Saar 21—40)*

### *Waa Gabawon feyu nañu*

1 Jamono ya Daawuda nekkee ci jal bi,
amoon na xiifub ñetti at yu tegloo.
Daawuda diis ko Aji Sax ji. Aji Sax ji ne ko:
«Li waral xiif bi moo di àqu deret ji topp
Sawul ak waa këram ndax waa Gabawon
ña mu rey.»
2 Buur woo waa Gabawon, wax ak ñoom.
Waa Gabawon bokkuñu woon ci bànni
Israayil, waaye ñoo desoon ca Amoreen ña
bànni Israayil giñaloon ne duñu leen rey.
Teewul Sawul xéroon lool ci bànni Israayil
ak Yuda, bay wuta duma waa Gabawon.
3 Daawuda laaj waa Gabawon, ne leen:
«Lan ngeen bëgg ma defal leen ko? Ana lu
may def ba jotoo ko àq ji ñu leen ameel, ba
ngeen ñaanal ñoñi Aji Sax ji?»
4 Waa Gabawon ne ko: «Du xaalis, du
wurus wu nuy laaj Sawul mbaa waa
këram; te it du kenn ci Israayil ku nu saña
reylu.» Mu ne leen: «Waxleen boog lu
ngeen di laaj, ma defal leen ko.»
5 Ñu ne ko: «Sawul da noo naroona
fexeel, sànk nu, far nu ci réewum Israayil.
6 Kon dees nuy jox juróom ñaari góor ñu
askanoo ci Sawul, nu jam leen ba mu sar
fa kanam Aji Sax ji ca Gibeya, dëkkub
Sawul ma Aji Sax ji faloon.» Buur ne leen:
«Dinaa leen leen jox.»
7 Teewul Daawuda déeg Mefiboset ma
Yonatan doomu Sawul di baayam, ndax la
ñu giñoo woon ci Aji Sax ji, mook Yonatan
doomu Sawul.
8 Buur nag jàpp Armoni ak meneen
Mefiboset, te Rispa doomu Aya di seen
yaay, Sawul di seen baay. Buur boole ca
juróomi góor ña Mikal* doomu Sawul di
seen yaay, te Àddiryel doomu Barsilay ma
dëkk Mewola di seen baay.
9 Daawuda jébbal leen waa Gabawon, ñu
jam leen ba mu sar, foofa ca kaw tund wa,
fa kanam Aji Sax ji. Juróom ñaar ñooñu
ñépp a bokk tëdd. Ña nga leen rey ca fan ya
ñu tàmbalee góob, ca ndoortel ngóobum lors
ba.
10 Ba mu ko defee Rispa doomu Aya ju
jigéen ja, jël ab saaku, tàllalal ko boppam ca
doj wa. La ko dale ca ndoortel ngóob ma,
ba keroog asamaan di sóob ca kaw néew
ya, Rispa bàyyiwul dara mu laal leen
bëccëg mbaa guddi, du picc, du rabu àll.
11 Ba loolu amee ñu àgge Daawuda jëfi
Rispa doomu Aya, nekkaaleb Sawul ba.

* 21.8 ***Mikal*** mii du Mikal mi ñuy wax ci 6.23, ne amul doom, ba keroog muy dee. Mikal mii mook Merab mi ñuy wax ci *1.Samiyel* 18.19 kenn nit ki la. Jëkkëram mooy Àddiryel.

12 Daawuda dem jëleji yaxi Sawul ak
doomam Yonatan ca waa Yabes Galàdd.
Ndax gannaaw ba ñu daanee Sawul ca
Gilbowa, Filisteen ña dañoo wékkoon
néewub Sawul ak Yonatan ca péncum Bet
San. Waa Yabes Galàdd dikk sàcce leen fa.
13 Ci kaw loolu Daawuda jële fa yaxi
Sawul ak doomam Yonatan, ak yaxi nit ña
ñu jamoon ba mu sar te wékk leen.
14 Ñu boole kook yaxi Sawul ak doomam
Yonatan, denc lépp ca sëgu Kis, baayu
Sawul, ca diiwaanu Beñamin ca Cela. Ñu
def la Buur santaane lépp. Gannaaw loolu
Yàlla nangul réew ma.

### *Daawuda daje naak ponkali waa Filisti*

15 Amoon na bés, xare amaat diggante
Filisteen ñi ak bànni Israayil. Daawuda
ànd aki nitam xarejeek Filisteen ña.
Daawuda nag sonn ci biir xare bi.
16 Ci kaw loolu Isbi Bënob ne dina rey
Daawuda—kooku askanu ponkal ya ñu
daan woowe Rafayeen, ca la bokkoon.
Ñawkay xeejam xànjar la, diise ñetti kilo.
Mu yore itam saamar bu bees.
17 Teewul Abisay doomu Ceruya dikk,
wallusi Daawuda, jam Filisteen ba, rey ko.
Niti Daawuda daldi cay giñal Daawuda,
ne: «Dootuloo ànd ak nun mukk cib xare.
Lu ko moy dinga ci dee, askanu buur fey ci
Israayil.»
18 Ñu dem ba jëmmi jamono xare dellu
am seen digg ak Filisteen ña ca dëkk ba
ñuy wax Gob. Booba la Sibekay ma
askanoo ci Usa, rey Saf, jenn waay ju bokk
ca askanu ponkal ya.
19 Xare amati ca Gob seen digg ak
Filisteen ña. Elxanan doomu Yaare ma
dëkk Betleyem, rey Golyaat ma dëkk Gaat.
Kookoo di waa ja bantub xeejam réyoon,
bay saf mbaam mu ñuy ràbbe.
20 Xare dellu amati ca Gaat, menn
ponkal a nga ca, am juróom benni
baaraam, loxo bu nekk, ak juróom benni
baaraam, tànk bu nekk, lépp di ñaar fukki
baaraam ak ñeent. Moom it am ponkalum
Rafayeen la woon.
21 Ba mu tëkkoo Israayil, Yonatan ma
Simeya magi Daawuda di baayam, moo ko
rey.
22 Ñeent ñooñu ay ponkali Rafayeen lañu
woon ca Gaat. Daawudaaki nitam ñoo
leen jam, ñu daanu.

## 22

### *Daawuda sant na*

1 Daawuda woy na Aji Sax ji gannaaw ba
ko Aji Sax ji xettalee ci mboolemi noonam,
xettali ko it ci Sawul. Kàdduy woy wa lii la.
2 Mu ne:
Aji Sax ji mooy sama cëslaay, moo may aar,
di ma wallu.
3 Yàllaay sama cëslaay li ma yiiroo,
fegu, mucc,
làqu, raw, mucc fitna.
4 Ki yelloo cant, Aji Sax ji,
moom laa woo, mucc ci samay noon.

5 Gannaxi dee mëdd ma,
walum kasara naq ma.
6 Buumi njaniiw laaw ma,
dee ne jaas, di ma fiir.
7 Ma jàq, woo Aji Sax ji,
ne sama Yàlla wallóoy, mu dégge këram.
Ma yuuxu, muy dégg.

8 Mu mer, suuf yëngu, di ker-keri,
kenuy asamaan jaayu, di reg-regi.
9 Saxaar di sël-sëlee ca wakkan ya,
sawara boye ca gémmiñ ga,
xal yu yànj tàkke ca.
10 Mu firi asamaan, wàcc,
niir yu fatt lal tànk ya.
11 Ma nga war malaakam serub, di naaw,
daayaarloo laafi ngelaw.
12 Ma nga bàddoo lëndëm,
làmboo jali ndox aki xàmbaar.
13 Leer a ko jiitu,
ay xali sawara topp ca.
14 Aji Sax jee dënoo asamaan.
Aji Kawe jee àddu,
15 soqiy fitt ak jumi melax,
tasaare leen, fëlxe.
16 Aji Sax ji gëdd,
nokki, mu riir;
xuri géej ne fàŋŋ,
ron suuf ne duŋŋ.

17 Moo yóotoo fa kaw, jàpp ma,
seppee ma ca xóotey ndox ma,
18 musal ma ca noon yu mag,

ya ma bañ te man ma.
19 Ñu dajeek man, bés ba ma jàqee,
Aji Sax ji taxawu ma,
20 yaatal ma,
bége ma, ba xettali ma.

21 Aji Sax jee ma yool sama njub,
samay loxoo set, mu fey ma.
22 Sàmm naa yooni Aji Sax ji,
bonuma, di moy sama Yàlla.
23 Dama ne jàkk ndigalam yépp,
dëdduwuma dogali yoonam.
24 Seede na, may jëfeg mat,
di moyoo tooñ.
25 Aji Sax jee ma yool sama njub,
rafetlu sama mucc ayib.

26 Yaw Aji Sax ji, ku gore, fekk la gore;
ku matale, fekk la matale;
27 ku sellal, fekk la sell;
ku dëng, fekk laak say feem.
28 Yaw yaay musal xeet wu néew doole,
kuy daŋŋiiral, nga detteel.
29 Yaw Aji Sax ji, kay, laay niitoo,
Aji Sax jeey leeral sama lëndëm.
30 Maak yaw kay, ma song gàngoor.
Maak sama Yàlla, ma tëbum tata.

31 Yàllaa mat.
Kàddug Aji Sax jee wér te wóor.
Mooy feg képp ku ko làqoo.
32 Ana kuy Yàlla ku moy Aji Sax ji?
Ana ku mat cëslaay ku dul sunu Yàlla?

33 Yàllaa may làqe dooleem,
xàllal ma, yoon mat.
34 Moo ma gaawal ni kéwél,
taxawal ma fu kawe.
35 Moo may tàggat ci xare,
may tàwwig fitt ci xalag xànjar.
36 Aji Sax ji, yaa may feg, musal ma,
yaa may nangul, darajaal ma.
37 Yaa ma xàllalu yoon,
ba duma tërëf.
38 Maay dàq noon yi, falaxe,
jekkali, doora dëpp.
39 Ma rajaxe, nemmali, jógatuñu,
xanaa fëlëñu, ma joggi.
40 Sol nga ma dooley xare,
sukkal ñi ma jógal, ñu féete ma suuf.
41 Yaa ma won ndoddi noon,
ma boole bañ yi, bóom.
42 Ñu ne wallóoy, wall amul,
ñu woo Aji Sax ji, faalewu leen.
43 Ma wol, ba ñu doon pënd,
dër, noote ni banu mbedd.
44 Yaa ma xettali ci bokk yiy fippu,
def ma, ma jiite ay xeet;
waaso wu ma xamul sax nangul ma,
45 ku ma ci dégg, déggal ma,
ay doomi doxandéem di ma raamal,
46 ne yàcc,
génne seeni tata, di lox.

47 Aji Sax jeey Kiy dund! Sama cëslaay a jara sant!
Yàlla sama wéeru-mucc moo màgg!
48 Mooy Yàlla ji may feyul,
di ma suufeelal xeet yi.
49 Xettali nga maak ku ma bañ ak ku ma jógal,
kaweel ma, ma tiim leen,
xettaleeti ma cib soxor.

50 Kon Aji Sax ji, ma sant la ci biir xeet yi,
kañ la!
51 Yaay may sa buuru ñoñ ndam lu réy,
yaay ji ngor ki nga fal,
muy man Daawuda, di sama askan ba fàww.

# 23

*Daawuda biral na kàdduy tàggatoom*
1 Kàddu yii la Daawuda tàggatoo. Da ne:
Kàddug Daawudaa ngii, doomu Yese,
kàddug góor gu ñu kaweel,
góor gi Yàllay Yanqóoba fal,
muy woykatu Israayil, bi ñu ñal.
2 Ci noowug Aji Sax ji laay waxe,
mu sol ma kàddoom.
3 Yàllay Israayil a wax,
cëslaayu Israayil a ne:
«Ku jiite ay nit cig njub,
bu jiitee cig ragal Yàlla,
4 day mel ni leeru jant bu fenk,
kaw asamaanu suba su niir newul,
leeru asamaan su set, taw ba sewet,
ba ñax jebbi.»

5 Du nii la sama waa kër def ak Yàlla?
Moo fas ak man kóllëre gu sax dàkk,
lépp jekk, mat sëkk.

Moo may may ndam saa su ne,
di ma defal lu ma namm.
6 Waaye ku bon, ñu buub nig taxas, sànni.
Deesu ko fore loxo,
7 xanaa fore ko weñ mbaa bantub xeej,
jafal mu lakk fa mu ne.

### *Jàmbaari Daawuda def nañuy jaloore*

8 Ñii ñoo di jàmbaari xarey Daawuda ya:
Yosebasebet dib Agmoneen, moo jiite
mbëri xare ya. Moo xàcc xeejam,
songandoo juróom ñetti téeméeri (800)
góor, rey leen.
9 Ka ca topp di Elasar, Elasar, Dodo.
Dodo, Axowa. Elasar bokkoon na ci ñetti
jàmbaari xare ya àndoon ak Daawuda, di
dëkk Filisteen ña fa daje woon ngir xare.
Fekk bànni Israayil di dellu gannaaw.
10 Elasar a taxaw, di cor Filisteen ña, ba
loxo ba banku, taq ca njàppul saamaram.
Aji Sax jee maye ndam lu réy bésub
keroog! Ba ko mbooloom bànni Israayil
fekksee, defuñu lu moy futti néew ya.
11 Ka topp ca Elasar di Saama. Saama,
Age ma dëkk Arar ay baayam. Ba Filisteen
ña dajee ca Lexi, wetu toolub ñebbe ba
meññoon, ba fees dell. Bànni Israayil
danoo njëkkoona dawe Filisteen ñi
gannaaw.
12 Saama moo taxaw ca digg tool ba, aar
tool ba, duma Filisteen ña. Noonu la ci Aji
Sax ji maye Israayil ndam lu réy!
13 Mu am bés, jamonoy ngóob, ñett ña
bokk ca mbëri xare ya fekki Daawuda ca
xunt ma ca Adulam. Mbooloom Filisteen
ñaa nga dal ca xuru Refayeen ña.
14 Daawudaa nga ca biir rawtoom. Mu
am kuréelu xareb Filisteen gu tollu
Betleyem.
15 Ci biir loolu Daawuda dem ba
manatula muñ. Mu ne: «Éy waay ku ma
wutali woon ndox mu ma naan ca
mbalkam Betleyem ma ca buntu dëkk ba!»
16 Ci kaw loolu ñetti jàmbaari xare ya bëtt
dalub Filisteen ña, duyi ndox ca teenu
Betleyem ba ca wetu buntu dëkk ba, dikk
yót Daawuda. Daawuda nag néegu koo
naan; da koo tuur, te Aji Sax ji tax.
17 Mu ne: «Mukk Yàlla tere, may naan
miim ndox, Aji Sax ji, nde kon deretu ñii
dem jaayi seen bakkan laa naan!»
Daawuda naanul ndox ma.
Jooju jëf la ñetti jàmbaari xare ya def.
18 Abisay bokkoon na ca mbëri xare ya.
Abisay ak Yowab, Ceruyaa di seen yaay.
Abisay moo yékkati xeejam song ñetti
téeméeri góor, rey leen. Mu doxe fa siiw ci
ñetti mbëri xare ñooña.
19 Abisay moo gënoona siiw ña bokk
kuréel gu tudd Ñett ña; mujj na sax di seen
njiit, doonte bokkuloon ca Ñett ña.
20 Benaya nag, Yoyadaay baayam,
xarekat bu mag la woon, dëkkoon Kabcel.
Def na jaloore yu réy! Moo rey ñaari
Mowabeen ña gënoona jàmbaare. Moo
wàccoon ci kàmb, bésu tawu yuur, rey fa
gaynde.
21 Moo reyoon it waa Misra bu jekk ba
taxawaay. Waa Misra baa nga yor ab xeej,
Benaya songewu ko lu moy aw yet. Mu bif
xeeju waa Misra ba, nangoo ko cay
loxoom, reye ko ko.
22 Jooju jëf la Benaya doomu Yoyada def.
Moom it siiwoon na ci ñetti mbëri xare ya.
23 Moom lañu gënoona naw ca kuréel gu
tudd Fanweeri jàmbaar ya, raw na leen ba
booleesu ko ca Ñett ña. Daawuda nag def
ko njiitu dag ya ko dar.
24 Ñii bokkoon nañu ca Fanweeri
jàmbaar ya:
Asayel, mbokkum Yowab,
ak Elxanan, doomu Dodo ma dëkk
Betleyem,
25 Saama ma dëkk Arodd,
ak Elika ma dëkk Arodd,
26 Elecc ma dëkk Pelet,
Ira, Ikes di baayam, dëkk Tekowa,
27 Abiyeser ma dëkk Anatot,
Mebunay dëkk Usa,
28 Calmon dëkk Axowa,
Maaray dëkk Netofa,
29 Eleb ma Baana di baayam, dëkk
Netofa,
ak Itay ma Ribayi di baayam, dëkk
Gibeya gu Beñamineen ñi.
30 Benaya ma dëkk Piraton,
Iday ma dëkk walum Gaas,
31 Abi Albon ma dëkk Araba,
Asmawet ma dëkk Barum,
32 Elyaba ma dëkk Saalbon,
ak góor ñi Yasen di seen baay,
ak Yonatan,
33 Saama di baayam, dëkk Arar,

Axiyam, Sarar di baayam, dëkk Arar,
34 ak Elifelet, Axasbay di baayam,
Axasbay, baayam dëkk Maaka,
ak Elyam, Axitofel di baayam, dëkk Gilo,
35 ak Ecceray ma dëkk Karmel,
ak Paaray ma dëkk Arab,
36 ak Igal, Natan di baayam, dëkk Coba,
ak Bani ma dëkk Gàdd,
37 ak Celeg, Amoneen ba,
ak Naxaray ma dëkk Beerot
te daan gàddu gànnaayi Yowab ma
Ceruya di yaayam.
38 Ira ma dëkk Kër Yeter ca la,
ak Gareb ma dëkk Kër Yeter itam,
39 ak Uri, Etteen ba.

Ñoom ñépp tollu ci fanweeri jàmbaar ak juróom ñaar.

# 24

*Daawuda lim na bànni Israayil*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Aji Sax ji
mereeti* bànni Israayil, ba tax mu xiir
Daawuda ci def lu leen di lor. Mu def ci
xelam ne ko mu dem lim waa Israayil ak
Yuda.
2 Buur wax ak Yowab ma ca wetam, di
njiital xarekat ya. Mu ne ko: «Wëral ci biir
giiri Israayil gépp ba ñu daj, li ko dale Dan
ga ca bëj-gànnaar, ba Beerseba ga ca
bëj-saalum. Nañu bind askan wi, ndax ma
xam seenub lim.»
3 Yowab ne ko: «Buur, yal na Aji Sax ji ful
askan wi téeméeri yoon, nga fekke. Waaye
sang bi, lu la xiir ci loolu?»
4 Teewul kàddug Buur ëpp doole Yowab
ak njiiti xarekat ya. Ñu bàyyikoo ca Buur,
dem bindi askanu Israayil.
5 Ñu jàll dexu Yurdan, dem dali Arower
ca bëj-saalumu dëkk ba, ca biir xur wa,
daldi dem Gàdd, jaare fa jëm Yaser.
6 Ci kaw loolu ñu dem diiwaanu Galàdd,
jàll ba Kades ca diiwaanu Etteen ña, dem
Dan Yaan ak la ko wër, teg ca Sidon.
7 Ba mu ko defee ñu dem ba Tir, dëkk ba
ñu wëralee ab tata, jóge fa dem ca
mboolem dëkk-dëkkaani Eween ñaak
Kanaaneen ña. Ñu àkkeji Beerseba ca
bëj-saalumu màndiŋu Yuda.
8 Wër nañu réew ma mépp ci juróom
ñeenti weer ak ñaar fukki fan, doora ñibbisi
Yerusalem.
9 Yowab nag indil Buur limu askan wa:
Israayil di juróom ñetti téeméeri junniy
(800 000) góor ñu tollu ci xare; Yuda di
juróomi téeméeri junniy (500 000) góor.
10 Daawuda wañ askan wa ba noppi, fit
wa ne rës, mu yedd boppam, daldi ne Aji
Sax ji: «Aji Sax ji, bàkkaar naa lool ndax lii
ma def. Léegi nag ngalla jéggal ma samag
ñaawtéef ndax jëfi dof ju réy lool laa def.»
11 Ba Daawuda jógee ca ëllëg sa, kàddug
Aji Sax ji dikkal Gàdd, yonent Yàlla ba,
boroom peeñu ba féetewoo kër Buur
Daawuda. Mu ne ko:
12 «Demal ne Daawuda: “Aji Sax ji dafa
wax ne: Ñett laa lay jox, yaay tànn lu ma la
ciy def.”»
13 Gàdd dem ca Daawuda, jottali ko ko,
ne ko: «Ana yii yatt loo ci tànn, mu dal ci sa
kaw: juróom ñaari ati xiif ci sam réew, am
ñetti weer yooy daw say noon, am ñetti
fani mbas ci sam réew? Xalaatal léegi te
wax ci lenn, ma xam lu may waxi ki ma
yónni.»
14 Daawuda ne Gàdd: «Am naa njàqare
lool; waaye naa tàbbi ci loxol Aji Sax ji
rekk, ndax yërmandeem yaa na lool, waaye
loxol doom aadama moom yàlla buma ci
daanu!»
15 Ba loolu amee Aji Sax ji wàcce mbas ci
kaw Israayil, dale ko ca suba soosa ba
keroog ba àpp ba matee. Ña dee ca askan
wa di juróom ñaar fukki junni (70 000)
diggante Dan ca bëj-gànnaar, ba Beerseba
ca bëj-saalum.
16 Naka la malaaka ma tàllal loxoom
Yerusalem, ngir faat leen, Aji Sax ji fomm,
daldi wax ak malaakam reykat may faat
askan wa. Mu ne ko: «Léegi doy na! Teggil
sa loxo.» Booba malaakam Aji Sax jaa nga
ca wetu dàggay Arawna†, Yebuseen ba.
17 Daawuda nag gis malaaka may faat
askan wa. Mu ne Aji Sax ji: «Man miy
sàmm bi déy, maa bàkkaar, maa def lu bon.
Ñii diy xar doŋŋ, topp ci man, lu ñu def?
Na sa loxo dal ci sama kaw man kay, maak
sama waa kër baay!»

* **24.1** Seetal ci 21.1-14. † **24.16** ***Arawna*** mooy Ornan ba tey. Seetal ci *1.Jaar-jaar ya* 21.15.

18 Ba loolu amee Gàdd dem ca Daawuda
keroog ca bés ba, ne ko: «Demal, nga
tabaxal Aji Sax ji sarxalukaay ca dàggay
Arawna, Yebuseen ba.»
19 Daawuda dem ca, na ko ko Aji Sax ji
sante, Gàdd jottali.
20 Ba mu ko defee Arawna séen Buur,
mu ànd aki jawriñam, jëm ca moom. Mu
génn sujjóotal ko, dëpp jëëm ca suuf,
21 ne ko: «Buur, sang bi, lu doon say
tànk?» Daawuda ne ko: «Xanaa jëndsi sa
dàgga jii, ba tabaxal fi Aji Sax ji
sarxalukaay, ndax mbas mi dal ci kaw
askan wi yem fi.»
22 Arawna ne Daawuda: «Buur, sang bi,
jëlal lu la neex, def ko sarax. Nag yaa ngii,
jëlal def saraxu rendi-dóomal, watiiri bojju
yeek bant yi nag yiy lëkkaloo, nga def ko
matt.
23 Man Arawna, maa la jox lii lépp, Buur.
Yal na la sa Yàlla Aji Sax ji nangul.»
24 Teewul Buur ne Arawna: «Déedéet,
dama koy jënd ci yaw kay. Ab saraxu
rendi-dóomal bu ma dikkewul dara, duma
ko defal sama Yàlla Aji Sax ji.» Ci kaw
loolu Daawuda jënd dàgga ja ak nag ya ci
juróom fukki dogi xaalis.
25 Gannaaw loolu Daawuda tabaxal fa
Aji Sax ji ab sarxalukaay, rendi fa ay juri
saraxu rendi-dóomal, ak ay saraxi cant ci
biir jàmm. Ba mu ko defee Aji Sax ji nangul
réew ma, mbas ma bàyyi Israayil.

# 1.Buur ya di téere bi njëkk

Téereb *Buur ya* bi njëkk moo nettali jant ya ay buur yilifee Israayil, gannaaw nguurug Daawuda. Doomam Suleymaan falu; gannaaw deewam, réew mi xàjjalikoo na ñaari wàll: nguuru bëj-gànnaar di Israayil, nguurug bëj-saalum di Yuda. Xàjjalikoo gi nag tukkee ci teeŋal gu kuutaayal Suleymaan, Robowam, tàmbalee nguuram, ba tax fukki giir ya féete bëj-gànnaar fippu. Gannaaw loolu la téere bi indi jaar-jaari mboolem buur yi yilifoon Israayil mbaa Yuda, buur bu ci nekk mu natt na mu wormaale Yàlla, ba jox la àtteb ku baax mbaa ku bon.
Ci tënk:

1.1—2.11 Buur Daawuda saay na.
2.12—11.43 Suleymaan falu na, tabax kër Yàlla ga.
12.1-24 Réew ma xàjjalikoo na.
12.25—16.28 Kujje am na diggante Israayil ak Yuda ba ci janti Buur Axab.
16.29—22.40 Dëngoo dox na diggante Ilyaas ak Buur Axab.
22.41-54 Lu jëm ci nguuri Yosafat ak Akasiya.

## Lu jëm ci nguurug Suleymaan

*(Saar 1.1—11.43)*

*Daawuda néew na doole*

1 Gannaaw gi, Buur Daawuda mujj naa
màggat, ba làq at yu bare, ñu di ko sàng ay
sér te du ko taxa nugg.
2 Ay dagam ne ko: «Buur, sang bi, nañu la
wutal ab janq, mu di la taxawu, di la
toppatoo. Man naa tëdd it ci sa wet, Buur,
ndax nga liwwi, sang bi.»
3 Ñu daldi seet ci tundu Israayil wépp, ba
gis janq bu rafet bu ñuy wax Abisag, di
waa Sunem. Ñu indil ko Buur.
4 Janq baa nga taaru lool. Muy toppatoo
nag Buur, di ko taxawu, waaye Buur àndul
ak moom.

*Adoñaa ngi sàkku jal bi*

5 Ci biir loolu Adoña doomu Daawudaak
Agit, di tëggu naan: «Man mii maay doon
buur.» Mu waajalal boppam watiiru xare
aki fas ak juróom fukki nit ñuy daw di ko
jiitu.
6 Baayam Daawuda nag masu koo wax
dara ak lu mu mana def. Adoña moo
toppoon ci Absalom. Mu doonoon ku
góorayiw lool.
7 Ci kaw loolu Adoña diisook Yowab mi
Ceruya di ndeyam, ak Abyatar sarxalkat
ba, ñooñu jàppale ko.
8 Waaye Cadog sarxalkat ba ak Benaya
doomu Yoyada ak Yonent Yàlla Natan ak
Simey ak Reyi, ñook jàmbaari Daawuda ya
koy dar, ñooñu ànduñu woon ak Adoña.
9 Ba mu ko defee Adoña sarxe ay xar aki
nag aki wëllu yu duuf ca wetu doju
Soyelet, fa feggook En Rogel. Mu woo ca
mboolem doomi Buur yu góor ya mu
bokkal baay, ak jawriñi Buur yu diiwaanu
Yuda.
10 Waaye woowul Yonent Yàlla Natan ak
Benaya, woowul jàmbaar yay dar
Daawuda, woowul rakkam Suleymaan.
11 Ba loolu amee Natan laaj Batseba,
ndeyu Suleymaan, ne ko: «Waaw, xanaa
déggoo ne Adoña doomu Agit falu na buur
te sunu sang Daawuda yégu ko?
12 Kaay gaaw, ma digal la nooy def, ba
musal sa bakkan ak sa bakkanu doom
Suleymaan.
13 Gaawal dem ca Buur Daawuda, ne ko:
“Buur, sang bi, du yaa ma giñaloon, yaw
sang bi, ne ma sama doom Suleymaan
mooy falu buur, wuutu la, te mooy toog ci
sa jal bi? Kon nag lu tax Adoña falu buur?”
14 Gisal, diir bi ngay wax ak Buur foofa,
man dinaa duggsi, topp ci yaw te dinaa
dëggal sa kàddu.»
15 Batseba dem ba ca Buur, ca biir
néegam. Buur a nga màggat lool, Abisag
mu Sunem di ko taxawu.
16 Batseba agsi sujjóotal Buur, sukk fi
kanamam. Buur ne ko: «Lu doon say
tànk?»
17 Mu ne ko: «Sama sang, yaw yaa ma
giñal ci sa Yàlla Aji Sax ji, sang bi, nga ne
ma sama doom Suleymaan de dina falu
buur moos, wuutu la, te moom mooy toog
ci sa kaw jal bi.
18 Waaye xoolal léegi Adoñaa ngii falu
buur, te yaw Buur sang bi, yéguloo ko.

19 Sarxe na ay nag ak wëllu yu duuf ak
xar yu bare. Woo na ca doomi Buur yu
góor yépp, woo ca Abyatar sarxalkat ba,
woo ca Yowab, njiitu gàngooru xare gi.
Waaye Suleymaan sa surga ba, woowu ko.
20 Yaw nag Buur, sang bi, Israayil gépp a
ngi ne jàkk ci yaw, ngir nga xamal leen kan
ngay dëj ci sab jal, mu wuutu la, sang bi.
21 Lu ko moy de Buur, sang bi, bés boo
noppaloo fekki say maam, su boobaa
man, maak sama doom Suleymaan
dinañu nu àtte ni ay ñaawlekat.»
22 Na Batseba di wax ak Buur, Yonent
Yàlla Natan jekki ne jalañ.
23 Ñu wax ko ne ko: «Buur, Yonent Yàlla
Natan a ngoog.» Mu agsi ba ci kanam
Buur, sujjóotal ko, dëpp jëëm fa suuf.
24 Natan ne ko: «Buur, sang bi, ndax yaa
wax ne Adoña mooy falu buur, wuutu la,
te moom mooy toog ci kaw jal bi?
25 Ndax kat, Adoña dem na tey jii, sarxeji
lu bare ciy nag ak wëllu yu duuf aki xar.
Woo na ca doomi Buur yu góor yépp, ñook
njiiti xare yeek Abyatar sarxalkat bi. Ña
nga noonee di lekk aka naan ñook moom
te naa: "Buur Adoña, guddaluw fan!"
26 Man sa surga bii nag, maak Cadog
sarxalkat bi ak Benaya doomu Yoyada ak
sa surga ba Suleymaan, woowu nu ca.
27 Buur, sang bi, ndax wér na ne loolu
ndigal la lu bàyyikoo fi yaw, te xamaloo nu
kan mooy toog ci sa kaw jal bi, wuutu la,
yaw Buur, sang bi?»
28 Buur Daawuda ne ko: «Wool ma
Batseba!» Ci kaw loolu Batseba dikk
taxaw fa kanam Buur.
29 Buur daldi giñ ne: «Giñ naa ci Aji Sax
ji, Kiy dund te musal sama bakkan bii ci
jépp njàqare,
30 bir na ne loolu ma la giñaloon ci Aji
Sax ji Yàllay Israayil ne la, bir na ne
Suleymaan sa doom mooy doon buur
wuutu ma te mooy toog ci kaw jal bii ma
toog—loolu déy dinaa ko sottal bés niki
tey.»
31 Ba mu ko defee Batseba dëpp jëëm fa
suuf, sukk fa kanam Buur, ne ko: «Buur
Daawuda, sang bi, yal nanga fi yàgg.»

## *Suleymaan falu na*

32 Buur Daawuda daldi ne: «Woolleen ma
Cadog sarxalkat bi ak Yonent Yàlla Natan
ak Benaya doomu Yoyada.» Ba ñu dikkee
fa kanam Buur,
33 Buur ne leen: «Àndleen ak samay dag,
ngeen waral sama doom Suleymaan ca
sama kaw berkelle bu jigéen ba, te yóbbu
ko Gixon, bëtu ndox ba.
34 Cadog sarxalkat bi ak Yonent Yàlla
Natan, nañu ko diw foofa, fal ko mu jiite
Israayil. Su ko defee ngeen wal bufta bi*
te yéene ne: "Buur Suleymaan, guddaluw
fan!"
35 Ngeen topp nag ci moom, délsi, mu
dikk toog ci kaw jal bi. Moom mooy
nguuru, wuutu ma. Moom laa fal, mu yilif
Israayil ak Yuda.»
36 Ba loolu amee Benaya doomu Yoyada
ne Buur: «Buur, sang bi, yal na ko Aji Sax ji
sa Yàlla dogal. Amiin!
37 Na Aji Sax ji ànde woon ak yaw Buur,
sang bi, yal na ni àndeek Suleymaan, te yal
na kaweel ab jalam, ba mu sut sab jal, yaw
Buur Daawuda, sang bi.»
38 Gannaaw loolu Cadog sarxalkat ba
daldi ànd ak Yonent Yàlla Natan ak Benaya
doomu Yoyada, ak waa Keret ak waa Pelet
yay dar Daawuda. Ñu waral Suleymaan
berkelleb Buur Daawuda. Ñu dar ko ba
Gixon, bëtu ndox ba.
39 Ci kaw loolu Cadog sarxalkat ba dem
ca xaymab Aji Sax ji, jële fa béjjén ba def
diwu pal ga, diw ca Suleymaan. Ñu wal
bufta ba, mbooloo ma mépp àddu ca kaw
ne: «Buur Suleymaan, guddaluw fan!»
40 Ba loolu amee mbooloo ma mépp topp
ca, bég lool, di toxoro, coow la jolli, ba
suuf sa di riir.
41 Ba mu ko defee Adoña dégg ca, mook
mboolem ña mu woo woon, ñu nekk faak
moom. Fekk ñu lekk ba noppi. Ba Yowab
déggee bufta ba, da ne: «Waaw, riir mi ci
dëkk bi, lu mu doon?»
42 Daaneelagul kàddoom sax, Yonatan
doomu Abyatar sarxalkat ba ne jaas, agsi.
Adoña ne ko: «Dikkal, yaw nit ku baax nga,
te xibaaru jàmm ngay indi.»
43 Yonatan ne Adoña: «Déedéet kay, sunu
sang Buur Daawuda fal na Suleymaan

* **1.34** ***bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

buur.
44 Buur boole na kook Cadog sarxalkat
bi ak Yonent Yàlla Natan ak Benaya doomu
Yoyada ak waa Keret ak waa Pelet yay dar
Buur. Yebal na leen, ñu waral ko berkelleb
Buur.
45 Cadog sarxalkat baak Yonent Yàlla
Natan diw naññu ko, fal ko ca Gixon, ba
bàyyikoo ca, di ko bége, mu dim riir ci dëkk
bi. Mooy coow li ngeen dégg.
46 Suleymaan sax toog na ca jalu buur;
47 te it jawriñi buur ñëw naññu, di
sargalsi sunu sang Buur Daawuda, ne ko:
“Yal na sa Yàlla siiwal turu Suleymaan, ba
mu gën laa amu tur. Yal na kaweel ab
jalam, ba mu gëna kawe sab jal.” Buur
sujjóot ca kaw lalam,
48 teg ca ne: “Cant ñeel na Aji Sax ji Yàllay
Israayil ji ma jox bésub tey ku ma wuutu ci
samab jal, may gis.”»
49 Ba loolu amee tiitaange jàpp mboolem
ña ñu woo woon ca jataayu Adoña. Ñu jóg,
tasaaroo, ku nekk dem yoonam.
50 Adoña nag ragal Suleymaan, daldi
dem jàpp ca béjjén ya ca cati sarxalukaay
ba, ngir rawale bakkanam†.
51 Ñu wax ko Suleymaan, ne ko: «Buur
Suleymaan, Adoña de, ragal na la. Deful lu
moy jàpp ca béjjéni sarxalukaay ba te naa:
“Na ma Buur Suleymaan sang bi giñal tey
jii ne du ma jam saamar, ma dee.”»
52 Suleymaan daldi ne: «Su dee nit ku
jara wóolu de, genn kawaram du wadd ci
suuf. Waaye su lalee pexem wor de, dina
dee.»
53 Ba loolu amee Buur Suleymaan
yónnee, ñu jëleji Adoña ca sarxalukaay ba,
mu dikk, sujjóotal Buur Suleymaan. Mu ne
ko: «Man ngaa ñibbi sa kër.»

# 2

## *Daawuda dénku na Suleymaan*

1 Ba ñu demee ba bésu àppu Daawuda di
jegesi, Daawuda dafa dénk doomam
Suleymaan, ne ko:
2 «Maa ngi ci yoon wu dul jaas ci
mboolem àddina. Nanga dëgërlu te
góor-góorlu,
3 di sàmm sa ndénkaaneb Yàlla Aji Sax ji,
di topp ay yoonam, sàmmonteek ay dogali
yoonam aki santaaneem aki àttey yoonam
aki seedeem, ni ñu ko binde ci yoonu
Musaa. Su ko defee dinga am ndam ci lépp
looy def ak fépp foo jëm,
4 ba keroog Aji Sax ji sottal kàddoom ga
mu ma waxoon ne ma: “Su say sët sàmmee
seen dundin, saxoo ngëm gu ma wéetal, te
gar ci seen bakkan, kon doo ñàkk mukk ku
lay wuutu ci jalub Israayil.”
5 «Yaw ci sa bopp xam nga li ma Yowab
doomu ndaw sa Ceruya def, te def na ko
ñaari njiiti xarey Israayil, di Abner doomu
Ner ak Amasa doomu Yeter: rey na leen,
tuur seen deret ni bu doon xare, ba taqal
boppam ripp. Moo rendi ci biir jamonoy
jàmm.
6 Jëflanteel ak moom ci kaw xel, bu ko
bàyyi mu duggaale bàmmeel bijjaaw.
7 «Góor ñiy doomi Barsilay mu Galàdd
nag, nanga leen baaxe, te ñuy bokk ak yaw
ndab, ndax kat taxawu woon naññu ma, ba
may daw Absalom sa doomu baay.
8 «Gannaaw loolu bàyyil xel ci Simey mi
nga feggool, muy doomu Gera mu
Baxurim mi bokk ci giirug Beñamin.
Moom moo ma doon tifaare ay saaga, bés
ba ma jëmee Maxanayim, moom mu dikk
dajeek man ca dexu Yurdan. Ma giñal ko
ci Aji Sax ji ne ko: “Duma la rey, sama
saamar du la dal!”
9 Waaye yaw de, bu ko ñàkka topp, ndax
boroom xel nga, te dinga xam ni ngay
defeek moom, ba mu sangoo deretam, ànd
ak bijjaawam, dugg bàmmeel.»
10 Gannaaw loolu Buur Daawuda saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu
naan Kër Daawuda.
11 Nguurug Daawuda ci Israayil tollu na
ci ñeent fukki at, di juróom ñaari at yu mu
nguuroo Ebron, ak fanweeri at ak ñett yu
mu nguuroo Yerusalem.
12 Suleymaan nag toog ca jalub baayam
Daawuda; nguuram dëgër këcc.

## *Nii la Adoña mujje*

13 Ci biir loolu Adoña ma Agit di
ndeyam, dem ca Batseba, ndeyu

† **1.50** Jàpp ca sarxalukaay ba ca kër Yàlla ga, nit daan na ko def, di ko sàkkoo rawale bakkanam. Seetal ci *Mucc ga* 21.14.

Suleymaan. Mu ne ko: «Mbaa jàmm a la
indi?» Mu ne ko: «Jàmm la.»
14 Mu neeti ko: «Mbir la, mu ma lay
wax.» Mu ne ko: «Waxal.»
15 Mu ne ko: «Xam nga ne maa moomoon
nguur gi, te man la Israayil gépp séentu
woon, ma falu buur. Waaye tey nguur gi
walbatiku na, tegu ci sama loxol doomu
baay, ndax Aji Sax jee ko ko jox.
16 Léegi nag lenn rekk laa lay ñaan, te nga
bañ maa gàntu.» Mu ne ko: «Waxal rekk.»
17 Mu ne ko: «Buur Suleymaan du la
gàntu, rikk ñaanal ma ko, mu may ma
Abisag mu Sunem soxna.»
18 Batseba ne ko: «Baax na, man kay maa
la koy waxal Buur.»
19 Batseba dem ca Buur Suleymaan, ngir
wax ko mbirum Adoña ma. Buur jóg
gatandu ko, sukkal ko, daldi toogaat ci
ngànguneem. Mu tegal ndeyam ngàngune,
mu toog ci ndijooram.
20 Mu ne ko: «Man de, lenn lu tuut rekk
laa lay ñaan, te bu ma gàntu.» Mu ne ko:
«Waxal, saa ndey, duma la gàntu.»
21 Mu ne ko: «Abisag mu Sunem, may ko
sa doomu baay Adoña soxna.»
22 Buur Suleymaan ne ndeyam: «Nga ne!
Adoña ngay ñaanal Abisag mu Sunem
soxna? Tee nga koo ñaanal nguur gi far,
nde mooy sama mag; ñaanalaale ko
Abyatar sarxalkat bi, mook Yowab doomu
Ceruya?»
23 Buur Suleymaan nag giñ ci Aji Sax ji
ne: «Yal na ma Yàlla teg mbugal mu gëna
tar, ndegam Adoña du feye bakkanam lii
muy sàkku!
24 Léegi nag giñ naa ci Aji Sax ji, Kiy
dund, te teg ma fi, dëj ma ci jalub
Daawuda sama baay, sampal ma askanu
nguur wa mu dige woon, bésub tey jii
Adoña dina dee.»
25 Buur Suleymaan daldi jox ndigal
Benaya doomu Yoyada. Benaya jam
Adoña, mu dee.

*Nii la Abyatar mujje*

26 Abyatar sarxalkat bi nag, Buur ne ko:
«Dellul Anatot ca say tool. Dee rekk a war
ci yaw, waaye bésub tey jii duma la rey,
ndax li nga gàddu woon gaalu Aji Sax ji
Boroom bi, dox jiitu sama baay Daawuda.
Nga teg ci bokk ak sama baay mboolem
coono bu mu daj.»
27 Suleymaan nag dàqe Abyatar ci
liggéeyu carxal fa kanam Aji Sax ji, daldi
matal li Aji Sax ji waxoon ci waa kër Eli ca
Silo.

*Nii la Yowab mujje*

28 Yowab àndul woon ak Absalom ci
pexeem, waaye Adoña la mujj àndal. Ba
Yowab yégee la xew, daa daw ba ca
xaymab Aji Sax ji, jàpp ca béjjén ya ca cati
sarxalukaay ba, ngir rawale bakkanam.
29 Ñu wax Buur Suleymaan ne ko:
«Yowab daw na, làquji ca xaymab Aji Sax ji,
te kat ma nga ca sarxalukaay ba.»
Suleymaan sant Benaya doomu Yoyada,
ne ko mu dem, jam ko.
30 Benaya dugg ca biir xaymab Aji Sax
ja, ne ko: «Buur nee nanga génn!» Yowab
ne ko: «Génnuma, fii laay deewe!» Benaya
yegge Buur waxi Yowab ak la mu ko tontu.
31 Buur ne ko: «Defal li mu wax, jam ko
mu dee, nga suul ko, ndax ma set, maak
sama waa kër baay, ci deretu jàmburi Yàlla
ji Yowab tuuroon.
32 Su ko defee Aji Sax ji dina ko gàdduloo
bakkanu boppam, feye ko ko bakkanu
ñaar ña mu songoon, di Abner doomu Ner,
njiital xarey Israayil, ak Amasa doomu
Yeter, njiital xarey Yuda; muy ñu jub, ñu
ko gën, teewul mu jam leen saamar, ñu
dee te sama baay Daawuda yégu ko.
33 Yal na Yowab ak askanam gàddu seen
bakkan ba fàww. Waaye Daawudaak
askanam ak waa këram akub jalam, yal na
leen Aji Sax ji jàmmal ba fàww.»
34 Ba loolu amee Benaya doomu Yoyada
daldi dem jam Yowab, rey ko. Ñu suul ko
ca këram ga ca màndiŋ ma.
35 Gannaaw loolu Buur tabb Benaya
doomu Yoyada ca boppu gàngooru xare ga,
mu wuutu Yowab. Cadog sarxalkat ba,
Buur tabb ko, mu wuutu Abyatar.

*Nii la Simey mujje*

36 Ba mu ko defee Buur yónnee woolu
Simey, wax ko ne ko: «Tabaxalal sa bopp
kër fii ci Yerusalem, dëkk ca waaye bul
dem fenn.

37 Ndaxte bés boo fi jógee, ba jéggi xuru
Sedoron, xamal xéll ne dee rekk mooy sab
àtte, te yaay gàddu sa bakkanu bopp.»
38 Simey ne Buur: «Baax na, Buur, sang
bi. Li nga ma wax rekk de laay def, sang
bi.» Ba loolu amee Simey toog Yerusalem
lu yàgg.
39 Ba ñu ca tegee ñetti at, ñaari jaami
Simey daw dem ca Akis buurub Gaat
doomu Maaka. Ñu wax Simey, ne ko:
«Ndeke sa jaam yaa nga Gaat!»
40 Simey daldi takk mbaamam, dem
Gaat ca Akis, ngir jëli ay jaamam. Mu jëleji
Gaat ay jaamam, delloosi leen.
41 Ba ñu waxee Buur Suleymaan, ne ko
Simey jóge na Yerusalem dem Gaat, ba
délsi,
42 Buur yónnee, woolu Simey, ne ko:
«Xanaa giñloowuma la ci Aji Sax ji, artu la,
ne la: “Bés boo fi jógee dem fenn, xamal
xéll ne dee rekk mooy sa àtte”? Nga ne ma:
“Baax na, dinaa la déggal.”
43 Ana lu waral nag sàmmoo la nga
giñoon ci Aji Sax ji te ma santoon la ko?»
44 Buur dellu ne Simey: «Yaw ci sa bopp
xam nga xéll lépp loo lor sama baay
Daawuda. Léegi Aji Sax ji dina la fey sa jëf
ju bon, mu këppu ci sa kaw.
45 Waaye man Buur Suleymaan, Yàlla du
ma teree barkeel; jalub Daawuda it day
sax fàww fi kanam Aji Sax ji.»
46 Buur nag sant Benaya doomu Yoyada,
mu génne Simey, jam ko, mu dee. Ba loolu
amee nguur ga gëna dëgër ca loxol
Suleymaan.

# 3

### *Buur Suleymaan ñaan na Yàlla mu xelal ko*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Suleymaan
goromloo naak Firawna buuru Misra, jël
doomu Firawna, indi ko gox ba ñu naan
Kër Daawuda, ba keroog muy noppee
tabax këram ak kër Aji Sax ji ak tata ja wër
Yerusalem.
2 Terewul mbooloo ma di rendi ay sarax
ca bérebi jaamookaay ya, ndax ca yooya
jamono tabaxaguñu woon kër gu ñu
jagleel turu Aji Sax ji.
3 Suleymaan nag wone cofeelam ci Aji
Sax ji, di wéy ci sàrti baayam Daawuda, ba
mu des bérebi jaamookaay ya rekk. Moom
daan na fa rendi sarax, di fa taal cuuraay.
4 Ci biir loolu Buur dem Gabawon,
sarxali fa, ndax foofaa doon bérebu
jaamookaay ba gënoona mag: junniy
saraxi rendi-dóomal, Suleymaan joxe na
ko fa ca kaw sarxalukaay booba.
5 Foofa ci guddi ca Gabawon la Aji Sax ji
feeñoo woon Suleymaan ci gént. Yàlla ne
ko: «Ñaanal loo bëgg, ma may la ko.»
6 Suleymaan ne ko: «Yaw de yaa baaxe
lool sab jaam Daawuda, saa baay, ngir na
mu daan doxale fi sa kanam ci dëgg ak
yoon ak njubteg xol. Yaa ko baaxe lool,
may ko doom ju góor ju toog cib jalam,
bésub tey jii.
7 Léegi nag Aji Sax ji, sama Yàlla, fal nga
ma buur, ma wuutu saa baay Daawuda.
Waaye Sang bi, man ndaw lu tuut laa,
xawma sax nu may doxale.
8 Rax ci dolli, Sang bi, ma nekk ci digg
askan wi nga tànn, askan wu yaa, ba
maneesu koo waññ mbaa di ko lim.
9 Kon nag Sang bi, may ma xel mu amug
dégg mu ma àttee sa ñoñ, ngir may ràññee
lu baax ak lu bon. Ndax kat, ana kan moo
mana àtte sa ñoñ, wii askan wu réy?»
10 Kàddug Suleymaan ga nag neex Aji
Sax ji, ndax loolu mu ñaan.
11 Mu ne ko: «Gannaaw loolu nga ñaan, te
ñaanuloo fan wu gudd, ñaanuloo alal,
ñaanuloo itam say noon dee, xanaa di ñaan
xel mu rafet moo àttee dëgg,
12 dama ne, dinaa la defal li nga ñaan, te
sax dinaa la may xel mu rafet, nga amug
dégg, ba raw ku la jiitu ak ku la wuutu.
13 Te itam li nga ñaanul dinaa la ko may,
booleel la alal ak daraja, ba doo am
moroom ci buur yi, sa giiru dund.
14 Te soo jaaree ci samay yoon, jëfe
samay sàrt ak samay santaane, muy fi sa
baay Daawuda jaaroon, kon dinaa guddal
saw fan.»
15 Ba loolu amee Suleymaan yewwu,
ndeke gént la woon. Mu dellu Yerusalem,
taxaw fa kanam gaalu kóllërey Aji Sax ji,
def fa ay saraxi rendi-dóomal, ak saraxi
cant ci biir jàmm, daldi berndeel jawriñam
yépp.

### *Suleymaan wone na xelam*

16 Ba loolu wéyee mu am ñaari gànc yu
dikk ca Buur, agsi ca kanamam.
17 Senn ndaw sa ne: «Éy sang bi, maak
ndaw sii de, danoo bokk genn kër, bokk fa
wasin nun ñaar.
18 Ba ma amee doom ba mu am ñetti fan,
moom mii itam mu am doom, te nun rekk
a dëkk, keneen nekkul ak nun ca biir kër
ga, xanaa nun ñaar.
19 Doomu ndaw sii nag dee ci guddi,
ndax daa tëddoon ci kawam.
20 Mu jóg ci xaaju guddi, jële sama doom
fi sama wet, tëral ci wetam. Fekk man,
sang bi, maa ngi nelaw. Doomam ji dee
nag, mu tëral ko ci sama wet.
21 Naka laa jóg ci suba, di nàmpal sama
doom, gisuma lu moy mu dee. Ba bët setee
nag ma xool ko bu baax, ndeke du sama
doom ji ma jur.»
22 Seneen ndaw sa ne: «Déedéet, sama
doom mooy dund, sa doom a dee.» Ku
njëkk ka ne: «Déedéet, sa doom a dee, sama
doom a ngi dund.» Ñu di ko werante fi
kanam Buur.
23 Buur ne: «Kii a ngi naan: “Sama doom
jii mooy dund, sa doom a dee.” Kee naan:
“Déedéet, sa doom a dee, sama doom mooy
dund.”»
24 Buur teg ca ne: «Indilleen ma saamar!»
Ñu indil Buur saamar.
25 Buur ne: «Dogleen xale biy dund ñaar,
te jox kii genn-wàll, jox kee genn-wàll.»
26 Ci kaw loolu ndaw si doomam di dund
daldi ñeewante doomam. Mu ne: «Déet,
sang bi, jox ko xale bi. Bu ko rey mukk!»
Ndaw sa ca des, moom, ne: «Deesu ma ko
jox, deesu la ko jox; dogleen ko ñaar!»
27 Ba loolu amee Buur daldi àtte ne:
«Joxleen ndaw su njëkk si liir biy dund, te
buleen ko rey. Mooy ndeyam.»
28 Israayil gépp nag dégg àtteb Buur,
daldi yéemu ci moom, ndax dañoo gis ne
xelum Yàlla mu rafet a ngi ci moom, di ko
jiite ci àtte dëgg.

# 4

## *Suleymaan fal na ay njiit*

1 Ci kaw loolu Buur Suleymaan di
boroom Israayil gépp.
2 Ay jawriñam ñii la woon: Asaryaa sëtu
Cadog moo doon sarxalkat bi;
3 Elixoref ak Axya doomi Sisa di bindkat
yi; Yosafat doomu Axiludd yore kàddug
Buur;
4 Benaya doomu Yoyada jiite gàngooru
xare ga; Cadog ak Abyatar di ay sarxalkat.
5 Asaryaa doomu Natan moo jiite woon
ndawi Buur ya, Sabudd doomu Natan di
sarxalkat te di xelal buur.
6 Axisar moo doon saytu kër buur,
Adoniram doomu Abda di sase liggéeyi
sañul-bañ ya.

7 Buur Suleymaan amoon na fukki
jawriñ ak ñaar ci Israayil gépp. Ñuy
toppatoo dundub Buur ak waa këram,
weer wu nekk kenn ci ñoom yor dund ba,
ba at mi mat.
8 Ñooñoo di:
Ben Ur ma sasoo woon diiwaanu tundi
Efrayim.
9 Ben Deker sasoo Makas ak Saalbim ak
Bet Semes ak Elon Bet Anan.
10 Ben Keset sasoo Arubot, boole kook
Soko ak mboolem diiwaanu Efer.
11 Ben Abinadab sasoo diiwaanu Dor
bépp; Tafat doomu Suleymaan di
soxnaam.
12 Baana doomu Axiludd sasoo Taanag
ak Megido ak diiwaanu Bet San gépp,
feggook Cartan, fa féete Yisreel suuf,
muy diggante Bet San ba Abel
Mewola, ba ca wàllaa Yogmeyam.
13 Ben Geber a sasoo woon Ramot ca
Galàdd, booleek dëkk-dëkkaan ya làngu
Yayir doomu Manase féetewoo woon,
foofa ca Galàdd ak diiwaanu Argob ca
Basan. Muy juróom benn fukki dëkk
yu mag yu ñu wërale ay tata ak seeni
bunt ak yeti xànjar yu koy tëj.
14 Axinadab doomu Ido sasoo
Maxanayim.
15 Aximàcc ma sasoo Neftali; moom it jël
na doomu Suleymaan ju ñuy wax
Basmat soxna.
16 Baana doomu Usay boole diiwaanu
Aser ak Beyalot.
17 Yosafat doomu Paruwa sasoo
diiwaanu Isaakar.
18 Simey doomu Ela sasoo diiwaanu
Beñamin.
19 Geber doomu Uri sasoo diiwaanu
Galàdd, di réewum Sixon buurub
Amoreen ña ak réewum Og buuru

Basan. Muy benn ndawal buur bu
yilif réew mooma.
20 Waa Yuda ak Israayil dañoo bare
woon, ba mel ni feppi suufas géej, di lekk,
di naan, nekke mbégte.

# 5

1 Ci kaw loolu Suleymaan moo yilifoon
mboolem réew ya dale dexu Efraat, ba ca
dëkki Filisteen ña, dem ba ca digu réewum
Misra. Ñooña di indil Suleymaan galag,
nangul ko giiru dundam.
2 Suleymaan daan na njëloo bés bu nekk
fanweeri sëfi mbaami sunguf, ak juróom
benn fukki sëfi mbaam ci sunguf su ñagas;
3 ak fukki nag yu ñu yafal, ak ñaar fukki
nagi parlu, ak téeméeri gàtt, te limaaleesul
xeeti kéwél yaak boroom dunq yu duuf ya.
4 Suleymaan moo yilifoon mboolem
réew ma féete dexu Efraat sowu, dale ko ca
Tifsax ba ca Gasa. Buur yi nekkoon ci réew
ya féete dexu Efraat sowu ñu ngi nekkoon
ci ndigalam. Jàmm ne ñoyy, féete ko wet gu
nekk.
5 Diirub ayu Suleymaan gépp nag, waa
Yudaak Israayil ànd ak xel mu dal; ku ci
nekk ak sa ker garabu reseñ ak sa ker
garabu figg, fa dale diiwaanu Dan ca
bëj-gànnaar, ba ca Beerseba ca bëj-saalum.
6 Suleymaan amoon na ñeenti junniy
(4 000) wuddi fasi watiir ak fukki junniy
fas ak ñaar (12 000).
7 Jawriñ ya dañu daa ay-ayloo, ku nekk
ak sa weer wi ngay toppatoo dundub
Buur Suleymaan, mook mboolem ñi mu
bokkaloon njël, ba dara daawu ca ñàkk.
8 Peppum lors ji ànd ak ñax mi jëm ci fasi
watiir yeek fasi dawkat yi itam, ku nekk ci
ñoom da daan indi la ñu ko ca sas, teg ko fa
mu wara nekk.

## *Suleymaan kenn la woon*

9 Ci biir loolu Yàlla jagleel Suleymaan
mu ñaw lool, am xel mu rafet ak
xam-xamam bu yaa, bu solowoo fànn yu
bare ni feppi suufas géej.
10 Suleymaan rafetoon nam xel, ba sut
mboolem doomi réewum penku ak
mboolem waa Misra.
11 Rafetoon nam xel ba raw ñépp: muy
Etan Esraseen ba, di Eman, di Kalkol, di
Darda, doomi Maxol yu góor ya. Turam
nag siiw ca mboolem xeet ya ko wër.
12 Léeb na ñetti junniy (3 000) kàddu, woy
yi mu fent, junni la ak juróom (1 005).
13 Faramfàcce na it mbirum gàncax, dale
ko ci garabu seedar gu Libaŋ ba ci as caru
isob suy sax cib tabax. Jàngale na mbirum
mala ak njanaaw ak luy raam, ba ci jën.
14 Nit ñi dañu daan jóge ci xeet yépp, di
sàkkusi xelam Suleymaan mu rafet; te
dañu daan bàyyikoo ci mboolem buuri
àddina yi déggoon xelam mu rafet.

## *Suleymaan waajal na tabaxu kër Yàlla ga*

15 Ba Iram buurub Tir déggee ne
Suleymaan lañu fal buur, mu wuutu
baayam Daawuda, ak na mu xaritoo woon
ak Daawuda naka jekk, Iram daa yónnee
ay ndawam ca Suleymaan.
16 Suleymaan it yónnee ca Iram, ne ko:
17 «Xam nga sama baay Daawuda manul
woona tabaxal Yàllaam Aji Sax ji kër gu mu
ko tudde, ndax xare yi mu séqoon ak
noonam yi ko wër, ba ni leen Aji Sax ji
daaneele, mu teg leen tànk.
18 Léegi nag sama Yàlla Aji Sax ji may na
ma jàmm ne ñoyy, féete ma wet gu nekk, ba
awma benn noon, te musiba dabu ma.
19 Fii ma nekk damaa fas yéene tabax
kër, tudde ko sama Yàlla Aji Sax ji. Muy la
Aji Sax ji waxoon sama baay Daawuda, ne
ko: “Sa doom ji may def sa kuutaay ci sab
jal moo may tabaxal kër, tudde ma ko.”
20 Ci biir loolu ma di la ñaan, nga
santaane, ñu goral ma banti seedar yu
Libaŋ, te samay surga ànd ak say surga ci
liggéey bi. Sa peyooru nit ñi dinaa la ko fey
ak loo mana feyeeku, ndax yaw xam nga
ne amunu ci sunu biir ñu mane yatt bant
ni waa Sidon.»
21 Ba Iram déggee li Suleymaan wax, mu
am ca mbégte mu réy. Mu ne: «Cant ñeel na
Aji Sax ji tey jii, bi mu mayee Daawuda
doom ju rafet xel, mu jiite xeet wu réy
wii.»
22 Ci kaw loolu Iram yónnee ca
Suleymaan, ne ko: «Dégg naa kàddu yi nga
ma yóbbante. Man ci sama bopp dinaa la

* **5.22** ***sippar;*** garab la gu xeetook filaawoo.

defal li nga bëgg lépp ci wàllu banti garabi
seedar ak sippar*.
23 Samay surgaa koy diree Libaŋ ba ca
géej ga, rabat ko, ma jaarale ko ci géej gi ba
foo ma wax. Su ko defee ma tas ko foofa,
nga yóbbu. Yaw nag nangul ma rekk li may
sàkku, muy nga joxal ma sama waa kër ab
dund.»
24 Ba loolu amee Iram jox Suleymaan la
mu bëgg ci banti garabi seedar ak sippar.
25 Suleymaan ci wàllu boppam jox Iram
ñaar fukki junniy (20 000) sëfi mbaami
peppu bele, ak ñaar fukki junniy (20 000)
sëfi mbaam ci diwu oliw gu ñu segal.
Suleymaan di defal Iram noonu at mu ne.
26 Ba loolu weesoo Aji Sax ji mayoon na
Suleymaan xel mu rafet, na mu ko ko dige
woon. Jàmm it doxoon na diggante Iram
ak Suleymaan, ba ñu fasante kóllëre ñoom
ñaar.
27 Buur Suleymaan nag sas fanweeri
junniy nit (30 000) ci Israayil gépp ay
liggéeyi sañul-bañ.
28 Mu di leen yebal Libaŋ, weer wu nekk
fukki junni (10 000) dem. Bu ñu amee
Libaŋ weer, am seeni kër ñaari weer.
Adoniram a jiite woon sas ya.
29 Suleymaan sàkk juróom ñaar fukki
junniy (70 000) yenukat, ak juróom ñett
fukki junniy (80 000) yattkati doj ca tund
ya,
30 te bokkul ak ñetti junni ak ñetti
téeméeri nit (3 300) ñi Suleymaan tabb, ñuy
jiite liggéey bi, di saytu liggéeykat yi.
31 Buur santaane ñu jële fa doji tànnéef
yu réy yu ñuy yatt, muy fondmaa kër Yàlla
ga.
32 Ba mu ko defee tabaxkati Suleymaan
ak tabaxkati Iram ak waa Gebal di yatt aka
waajal bant yaak doj ya ñuy tabaxe kër ga.

# 6

## *Suleymaan tabax na kër Yàlla ga*

1 Ca ñeenti téeméereelu at maak juróom
ñett fukk (480), gannaaw ba bànni Israayil
génnee réewum Misra, ca ñeenteelu atu
nguurug Suleymaan, ci weeru Siw*, di
ñaareelu weeru at ma, ca la Suleymaan
tàmbalee tabax kër Aji Sax ji.
2 Kër gi Buur Suleymaan tabaxal Aji Sax
ji, juróom benn fukki xasab† la guddaay bi
am, yaatuwaay bi di ñaar fukki xasab,
taxawaay bi di fanweeri xasab.
3 Buntu néeg bu mag bi, am mbaar la
jàkkaarlool, mbaar mi di ñaar fukki xasab,
tollook yaatuwaayu kër gi. Guddaayam
féete ci kanam kër gi, yokke guddaayu kër
gi fukki xasab.
4 Mu defal miiri kër gi ay palanteer yu
am feguwaay yu ñu we ay caax.
5 Mu tabax ay taax yu sës ca ñetti miiri
kër gi. Taax yi dar ñaari miiri néeg bu mag
bi ak miiru néegu biir bu sell bi ci
gannaaw. Taax yi def ay néeg yu ndaw.
6 Taax mi féete suuf juróomi xasab mooy
yaatuwaay bi, taax mi ci tegu di juróom
benni xasab. Taaxum kaw mi am
yaatuwaayu juróom ñaari xasab; ndax
dañoo bàyyi ay teguy làcc ci miiri kër gi,
ngir xaddi taax yi baña jàpp ci miiri kër gi.
7 Kër ga, ba ñu koy tabax, ay doj lañu ko
tabaxe, muy doj yu ñu yatt fa ñu ko jële ba
noppi, moo tax du marto, du sémmiñ
mbaa lenn luy jumtukaayu weñ bu ñu
dégg mu dal, diir ba ñuy tabax kër ga.
8 Buntu taax mi ci suuf ma nga féete
woon ndijoor, nit mana jaare ci ay
dëggastal, yéeg jàll ci taaxum digg mi, jóge
ci taaxum digg mi, jàll ci taax mi ci kaw.
9 Suleymaan tabax kër gi ba noppi,
xadde ko dénki garabi seedar ak gàlluy
seedar.
10 Taaxi kaw yi wër kër gépp, bu ci nekk
juróomi xasab la def taxawaayam, lëkkalee
ko peeri garabu seedar, ba mu sës ca kër
ga.
11 Ci biir loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Suleymaan. Mu ne ko:
12 «Kër gii de yaa ngi koy tabax. Waaye
soo sàmmee samay dogal ak samay ndigal,
di jëfe sama santaane yépp, di ci topp, su
boobaa dinaa sottal li ma digoon sa baay
Daawuda ci sa mbir.
13 Dinaa dëkk ci digg bànni Israayil, te
duma dëddu Israayil, sama ñoñ.»

* **6.1 *weeru Siw*** moo yemook awril, jàpp me. † **6.2 *xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

14 Ba mu ko defee Suleymaan tabax kër
gi, ba sottal ko.

### *Liggéey nañu biir kër gi*

15 Fa féete biir nag, mu lale miir yi xànqi
seedar, dale ko ci suuf ba ci xadd bi. Dafa
lal biir kër gi bant, lal dër bi xànqi sippar.
16 Bàyyi na itam ñaar fukki xasab ci biir
kër gi ci gannaaw, muy néeg bu mu lale
banti seedar ci suuf ba ci xadd bi ci kaw.
Mu ber ko ci biir kër gi, mu dib néegu biir
bu sell, di néeg bu sella sell bi.
17 Néegu Yàlla bu mag bi féete kanam
néeg bu sella sell, tollu ci ñeent fukki
xasab.
18 Banti seedar yi lale ci biir kër gi, dees
cee yatt ay nataali koog ak tóor-tóor yu
focci; lépp di bantu seedar, ba xeer feeñul.
19 Néeg bu sella sell ba ca biir kër ga ca
biir-a-biir la waajal, ngir yeb fa gaal gay
def àlluway kóllërey Aji Sax ji.
20 Néeg bu sella sell ba amoon na
guddaayu ñaar fukki xasab, yaatuwaay ba
di ñaar fukki xasab, taxawaay ba di ñaar
fukki xasab; Suleymaan xoob ko wurusu
ngalam. Sarxalukaayu seedar ba
jàkkaarlook néeg ba, moom it xoob na ko
wurusu ngalam.
21 Ci biir loolu Suleymaan xoob biir
néegu Yàlla ba wurusu ngalam. Mu tàllal
ay càllalay wurus fi kanam néeg bu sella
sell ba,
22 daldi xoob ci biir wurus ba mu daj.
Sarxalukaayu néeg bu sella sell ba, lépp
la xoobe wurus.
23 Ci kaw loolu mu sàkk ca biir néeg bu
sella sell ba ñaari malaakay serub yu ñu
yatte bantu oliw, jëmm ju ci nekk am
taxawaayu fukki xasab.
24 Benn serub bi laaf mu ci nekk juróomi
xasab la, muy fukki xasab ci catal menn
laaf mi ba ca catal laaf ma ca des.
25 Fukki xasab it mooy taxawaayu
ñaareelu serub bi, ndax ñaari serub yee
tolloo dayo, bokk bind;
26 taxawaayub serub bu ci nekk fukki
xasab la.
27 Suleymaan teg serub ya ca digg néeg
bu sella sell ba, seeni laaf fireeku, catal
laafu benn serub bi di laal genn wetu
tabax bi, catal laafu serub ba ca des di laal
geneen wetu tabax bi. Seen ñaari cati laaf
yi ci des it di laale fa tollook digg néeg ba.
28 Mu teg ca xoob serub yi wurus.
29 Mu yattlu nag ay serub ci kaw miiri
ñaari néegi kër gi, yattaale garabi ron aki
tóor-tóor yu focci, wërale.
30 Xoob na itam dëru tabax bi wurus, ci
néegu biir bi ak ci biti.
31 Buntu néeg bu sella sell ba, banti oliw
la def ay lafam, njëël bunt bi aki jënam,
bant lañu yu bindoo juróomi wet.
32 Ñaari lafi bunt yi banti oliw la; mu
yattlu ca kawam ay malaakay serub aki
ron aki tóor-tóor yu focci, ba noppi xoob
lépp wurus, xoobaale serub yi wurus ak
ron yi itam.
33 Noonu it la def buntu néeg bu mag bi,
ay jënam di bantu oliw, waaye bunt bi,
jëëm aki jënam, bant lañu yu bindoo ñeenti
wet.
34 Ñaari lafam di bantu sippar, bu ci
nekk di ñaari xànq yuy warangiku.
35 Mu yattlu ci kaw kubeeri bunt yi
jëmmi serub aki ron aki tóor-tóor yu focci,
daldi xoob lépp wurus.
36 Suleymaan tabaxe miiru ëttu biir bi
ay xeeri yatt ak xànqi seedar, ba ñetti
sësalantey xeer yu tegloo yu ne, benn
sësalanteb xànqi seedar tege ca.
37 Ca ñeenteelu atu nguurug Suleymaan,
yemook ñaareelu weer wa, di weeru Siw,
ca lañu teg fondmaa kër Aji Sax ji.
38 Ca fukkeelu at maak benn, yemook
juróom ñetteelu weer wa, di weeru Bul‡, ca
la kër ga sotti, mook mboolem la ca bokk
ak na mu wara bindoo lépp. Suleymaan
tabax na kër ga ci juróom ñaari at.

## 7

### *Suleymaan tabax na këram*

1 Kërug boppam nag, Suleymaan tabax
na ko ci fukki at ak ñett, doora sottal këram
gépp.
2 Ma nga njëkka tabax kër ga ñuy woowe
Gottub Libaŋ. Guddaay bi di téeméeri
xasab, yaatuwaay bi di juróom fukki
xasab, taxawaay bi di fanweeri xasab, def

‡ **6.38 *weeru Bul*** moo yemook oktoobar, jàpp nowàmbar.

ñeenti sàppey kenuy seedar yu yenu ay
gàlluy seedar yu ñu yatt.
3 Ñu teg ay banti seedar ci kaw gàllu yi
kenu yi yenu: muy ñeent fukki gàllu ak
juróom, sàppe bu nekk fukki gàllu ak
juróom.
4 Mu am ñetti sësalantey palanteer yu ñu
fege ay laat te ñu dékkarloo ñett-ñett.
5 Bunt yépp ànd ak seen banti feguwaay,
bunt bu ci nekk di bu kaare; bunt yi
sësaloo te dékkarloo ñett-ñett.
6 Ci biir loolu mu defar néeg ba ñuy
woowe Néegu Kenu ya. Guddaay bi di
juróom fukki xasab, yaatuwaay bi di
fanweeri xasab; mu teg ca defar mbaar ci
kanamam, mu ànd ak ay kenoom ak làcc
way làng.
7 Mu tabax néeg ba ñuy woowe Néegu Jal
ba, muy Néegu Àttekaay ba, mu di fa àttee.
Mu dare néeg bi banti seedar ci suuf ba ci
kaw.
8 Këram ga mu dëkk it, ñu tabaxe ko
noonu ci gannaaw Néegu Jal ba.
Suleymaan teg ca tabaxal soxnaam
doomu Firawna ja geneen kër gu nirook
këram.
9 Tabax yooyu yépp biir ak biti xeeri
tànnéef yu ñu yatt la, natt ko, xacc ko,
rattaxal, dale ko ci fondmaa bi, ba ci cati
xadd bi ci kaw, daleeti ci biti ba ci ëtt bu
mag bi.
10 Ñu defare fondmaa bi xeeri tànnéef yu
mag: yii di fukki xasab, yii di juróom ñetti
xasab.
11 Xeer yi tege ci fondmaa bi, xeeri
tànnéef la yu ñu yatt, natt ko, yemale,
booleek banti seedar.
12 Miiru ëtt bu mag bi dees koo wëralee
ay xeeri yatt aki xànqi seedar: ñetti
sësalantey xeer yu tegloo yu ne, benn
sësalanteb xànqi seedar tege ca. Mu mel ni
na ñu def ëttu biir kër Aji Sax ja ak mbaaru
buntam.

### *Tëgg ba defar na jumtukaayi kër Yàlla ga*

13 Ci kaw loolu Buur Suleymaan yónnee,
jëli ca Tir ku ñuy wax Iram*.
14 Doomu jëtun la woon, bokk ci giirug
Neftali. Baayam dëkkoon Tir†, di tëggub
xànjar. Iram di ku xareñ lool, rafet xel te
mane mboolem liggéeyu xànjar. Mu dikk
ca Buur Suleymaan, liggéeyal ko la ñu ko
sant lépp.
15 Mu móol ñaari kenu xànjar gu ci nekk
am taxawaayu fukki xasab ak juróom ñett,
te wu ci nekk buumu fukki xasab ak ñaar a
koy ub.
16 Ci biir loolu mu defar ñaari boppi
xànjar yu mu xelli, teg ko ci kaw kenu yi,
bopp bu ci nekk am taxawaayu juróomi
xasab.
17 Bopp yi ci kaw kenu yi, bu ci nekk da
koo rafetale ab caaxu càllala, bopp bu ci
nekk am ci juróom ñaar.
18 Mu defar ñaari jaray gërënaat, solal ko
caax yi, wëralee ko bopp yi, ci kenu gu ci
nekk.
19 Bopp yi nekkoon ci kaw kenu yi ci
mbaar mi nag bindoo ni lëppi tóor-tóor te
bu ci nekk di ñeenti xasab.
20 Bopp yi ci kaw ñaari kenu yi, bu ci
nekk ñaari téeméeri gërënaat a ko wër ci
kaw, feggook gamb bi ci wàllaa caax bi.
21 Mu samp kenu yi ci mbaaru buntu
néegu Yàlla bu mag bi; samp kenu ndijoor
wi, tudde ko Yakin (muy firi Kiy taxawal),
samp kenu càmmoñ wi, tudde ko Bowas
(muy firi Kiy dooleel).
22 Kaw kenu yi ay lëppi tóor-tóor yu ñu
xellee ci tege. Liggéeyu kenu ya daldi sotti.
23 Ba mu ko defee Iram móol mbalkam
njàpp mu weñ, ñu di ko wax Géej ga.
Mbalka ma daa mërgalu, yaatoo fukki
xasab, catu omb ba catu omb, taxawaay
ba di juróomi xasab, ag buumu fanweeri
xasab di ko ub.
24 Ay gamb la ko sàkkal ci suufu kéméj gi,
fukki gamb tollook xasab. Mu def gamb yi
ñaari làng yu wër mbalka mi ba mu daj te
ànd ak mbalka mi ci benn xelli.
25 Mbalkam njàpp mi tege ci kaw fukki
jëmmi nag ak ñaar, ñett jublu bëj-gànnaar,
ñett jublu sowu, ñett jublu bëj-saalum, ñett
jublu penku. Mbalka mi war nag yi, seeni
gannaaw féete biir, ñoom ñépp.
26 Dëllaayu mbalka mi yaatuwaayu loxo
la, kéméj gi mel ni gémmiñu kaas, di nirook
lëppu tóor-tóor. Ñaari téeméeri barigo ak
ñaar fukk (220) la mbalka miy def.

* **7.13** ***Iram*** ak Uram, wenn tur wi la. Seetal it aaya 40 ak 45 (7.40, 45). † **7.14** ***Tir;*** ab dëkk la bu bokkul ci Israayil.

27 Mu daldi sàkk fukki watiiri
rootukaayi xànjar wu ci nekk am
guddaayu ñeenti xasab, yaatuwaay bi di
ñeenti xasab, taxawaay bi di ñetti xasab.
28 Ni ñu defare rootukaay yi nii la: ay
wetam lañu defare làcci xànjar, lëkkalee làcc
yi ay laat.
29 Muy làcc yu Iram yatt ci kawam ay
gaynde, ay nag ak malaakay serub. Kaw
laat yi itam am na ci nataal yi. Mu yatt ay
caqi tóor-tóor yuy lang ci suufu gaynde
yeek nag yi.
30 Rootukaay bu nekk am na ñeenti
mbegey xànjar yu ñu lëkkalee yeti xànjar.
Mu am ay kenu yu ñu xellil rootukaay bi ci
ñeenti koñam, kenu yi yenu benn bagaan
te am ay nataali tóor-tóor.
31 Gémmiñu rootukaay bu nekk amoon
na omb bu mërgalu bu bagaanu ndox biy
tege. Xóotaayu gémmiñ gi di xasab,
yaatuwaay bi di xasab ak genn-wàll. Ñu
yatt ci kaw gémmiñ gi ay nataal ba tey.
Rootukaay bi mërgaluwul, waaye daa
bindoo ñeenti wet yu kaare.
32 Ñeenti mbege yi ronu làcc yi, tóori weñ
yi ci wewe sax ci rootukaay bi. Mbege mu
ci nekk am na taxawaayu xasab ak
genn-wàll.
33 Mbege yi bindoo ni mbegey watiiri
xare. Tóor yeek mbege yi ak sidditi mbege
yi ak ŋanku yi, xànjar lañu ko xellee.
34 Ñeenti kenu yi ci ñeenti koñi rootukaay
bi, bu ci nekk dees koo xelleendook weti
rootukaay yi, ba lépp di benn.
35 Kaw boppu rootukaay bu nekk, kéméj
gu mërgaloo féete ci kaw, taxawaayam di
genn-wàllu xasab, njàppu yeek làcc yi sax
ci, lépp di benn.
36 Fi amul dara ci kaw njàppu yeek làcc
yi, mu ñaas ci ay nataali serub aki gaynde
aki garabi ron yu ñu wërale ay caqi
tóor-tóor.
37 Noonu la Iram defare fukki
rootukaay yi. Lépp bokk móol, yem dayo
te bokk bind.
38 Mu defar itam fukki bagaani xànjar;
bagaan bu ci nekk tollook ñeenti xasab, di
def lu xawa tollook ñeenti barigo ak
genn-wàll; bagaan bu ci nekk tegu cib
rootukaay, ba fukki rootukaay yi daj.
39 Ba mu ko defee mu taaj juróomi
rootukaay fa féete kër Yàlla ga ndijoor ak
juróomi rootukaay fa féete kër ga càmmoñ.
Mu teg mbalkam njàpp mi fa féete kër ga
ndijoor, ca wetu bëj-saalum, jàpp penku.
40 Iram sàkk itam ndabi tibbukaayu
dóom ak ñiitukaay yi ak këll yi.
Ci kaw loolu Iram sottal mboolem
liggéey ba mu liggéeyal Buur Suleymaan ca
kër Aji Sax ji:
41 muy ñaari kenu yi, ak ñaari gamb yiy
boppi kenu yi, te tege ca seen kaw, ak ñaari
caaxi càllala yiy muur ñaari gamb yi,
42 ak ñeenti téeméeri gërënaat yiy ànd ak
ñaari caax yi; caax bu nekk, ñaari caqi
gërënaat, ñu dar ñaari gamb yi ci boppi
kenu yi;
43 ak fukki rootukaay yi ak fukki bagaan
yi ci kaw rootukaay yi.
44 Menn mbalkam njàpp mi ñuy wax
Géej gi it ci la, ak fukki nag ak ñaar yi ronu
mbalkam njàpp mi.
45 Ndabi tibbukaayu dóom ak ñiitukaay
yi, ak këll yi, mboolem yooyu jumtukaay,
xànjar bu ñu jonj la ko Iram defal Buur
Suleymaan, ñeel kër Aji Sax ji.
46 Ci joorug Yurdan la ko Buur xellilu, ci
móoli ban yu ñu gas, ci diggante Sukkót ak
Cartan.
47 Suleymaan daldi bàyyi jumtukaay
yépp noonu, ndax na mu baree bare lool,
ba natteesul diisaayu xànjar ba ca dem.
48 Gannaaw loolu Suleymaan defarlu na
mboolem yeneen jumtukaayi kër Aji Sax
ji: muy sarxalukaayu wurus ba, ak
taabalu wurus ja ñuy teg mburum teewal
ma,
49 ak tegukaayi làmpi wurusu ngalam yi,
juróom ci wetu ndijoor, juróom ci wetu
càmmoñ, fa kanam néeg bu sella sell bi;
tóor-tóor yi it ak làmp yi ak ñiim yi, lépp di
wurusu ngalam;
50 ndab yi itam, ak feyukaay yi ak këll yi
ak kopp yi ak andi cuuraay yi, lépp
wurusu ngalam la. Te lafi buntu néeg bi
ñuy jaare dugg ci néeg bu sella sell bi, ak
lafi buntu néeg bi ñuy jaare dugg ci néeg
bu mag bi, lépp wurus la.
51 Ba loolu amee, mboolem lu Buur
Suleymaan liggéeyal kër Aji Sax ji daldi
sotti. Mu boole xaalis baak wurus waak

jumtukaay ya Daawuda baayam
sellalaloon Aji Sax ji, yeb ko ca denc ya def
alali kër Aji Sax ji.

# 8

## *Sancal nañu gaalu Yàlla ga*

1 Ba mu ko defee Suleymaan woolu
magi Israayil. Mboolem kilifay giiri
Israayil ak seen njiiti kër maam ya daje
Yerusalem ca Buur Suleymaan, ngir ñu àgg
Siyoŋ, gox ba ñu naan Kër Daawuda, ba
yékkatee fa gaal ga kóllërey Aji Sax ji dence.
2 Waa Israayil gépp nag daje ca Buur
Suleymaan, ca weeru Etanim*, ca
màggalug juróom ñaareelu weer wa, di
màggalu Mbaar ya.
3 Ba magi Israayil ñépp dikkee, sarxalkat
ya yékkati gaal ga,
4 Ñoo yékkati gaalu Aji Sax ja, ak xaymab
ndaje ma, ak mboolem jumtukaay yu sell
ya ca biir xayma ba. Sarxalkat yaak
Leween ña daldi gàddu lépp.
5 Buur Suleymaan ak mbooloom
Israayil ma daje fa moom, ñoom ñépp a
nga bokk ak moom, teew. Ñu jàkkaarlook
gaal ga, di rendi ay gàtt aki nag yu kenn
manula lim mbaa di ko waññ, ndax bare.
6 Gannaaw loolu sarxalkat ya yóbbu
gaalu Aji Sax ja ca bérebam, ca biir néeg bu
sella sell ba, ca ron laafi malaakay serub
ya.
7 Ndaxte jëmmi serub ya, seeni laaf daa
tàllalu, tiim bérebu gaal ga, laaf ya yiir kaw
gaal ga aki njàppoom.
8 Njàppu ya daa guddoon, ba ku tollu ca
néeg bu sell ba, ca kanam néeg bu sella sell
ba, di mana séen la cat ya sute guddaayu
gaal ga. Waaye maneesula tollu ca biti di
séen cat ya. Njàppu yaa nga fa ba tey jii.
9 Dara nekkuloon ca biir gaal ga, lu moy
ñaari àlluway doj ya ca Musaa yeboon ca
tundu Xoreb†, fa Aji Sax ji fase woon
kóllëre ak bànni Israayil, ba ñu génnee
réewum Misra.
10 Ba sarxalkat ya génnee néeg bu sell ba,
niir wa daa fees kër Aji Sax ja,
11 ba sarxalkat ya manatuñoo taxaw,
ngir def seen liggéey ndax niir wa. Booba
leeru Aji Sax jaa fees kër Aji Sax ji.

## *Suleymaan àddu na*

12 Ba mu ko defee Suleymaan ne: «Aji
Sax ji moo noon lëndëm gu fatt lay
màkkaanoo.»
13 Mu ne Aji Sax ji: «Tabaxal naa la kër gu
màgg, muy màkkaan mooy dëkke ba fàww.»
14 Ci kaw loolu Buur Suleymaan
walbatiku, ñaanal mbooloom Israayil
mépp, fekk mbooloom Israayil mépp a nga
taxaw.
15 Mu ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji Yàllay
Israayil, moom mi sottal ci loxol boppam
la mu waxoon Daawuda sama baay ci
gémmiñam, ne ko:
16 “La dale bés ba ma génnee bànni
Israayil, sama ñoñ ca Misra ba tey,
tànnuma benn dëkk, ci mboolem giiri
Israayil, bu ñuy tabax kër gu sama tur di
nekk. Waaye maa tànn Daawuda, ngir mu
falu ci kaw Israayil sama ñoñ.”
17 La doon yéeney Daawuda sama baay
nag moo doon tabax kër gu mu tudde Aji
Sax ji Yàllay Israayil.
18 Teewul Aji Sax ji wax Daawuda sama
baay, ne ko: “Gannaaw yaa fasoon ci sa
xol yéeney tabax kër, tudde ma ko, def nga
lu rafet, ngir sa yéeney xol la woon.
19 Waaye du yaw yaay tabax kër gi; sa
doom ju góor ju soqikoo ci sa geño, moom
mooy tabax kër gi, tudde ma ko.”
20 «Aji Sax ji moo sottal waxam ja mu
waxoon. Maa wuutu Daawuda sama
baay, ba toog ci jalub Israayil, noonee ko
Aji Sax ji waxe woon, maa tabax kër gi,
tudde ko Aji Sax ji Yàllay Israayil.
21 Te it sàkk naa fa béreb bu ñeel gaal gi
def àlluway kóllërey Aji Sax ji, kóllëre gi mu
fasoon ak sunuy maam, ba mu leen génnee
réewum Misra.»

## *Suleymaan yékkati na kàddug ñaan*

22 Gannaaw loolu Suleymaan taxaw
jàkkaarlook sarxalukaayu Aji Sax ji, fa
kanam mbooloom Israayil mépp. Mu tàllal
ay loxoom asamaan,

* **8.2** ***weeru Etanim*** moo yemook sàttumbar, jàpp oktoobar, ñu daan ca amal màggalu Mbaar ya. † **8.9** ***Xoreb*** mooy Sinayi ba tey.

23 daldi ne: «Yaw Aji Sax ji Yàllay Israayil,
amul jenn Yàlla ju mel ni yaw fa kaw
asamaan mbaa ci kaw suuf si mu tiim,
yaw miy sàmm kóllëre ak ngor, ñeel sa
jaam ñiy doxe seen léppi xol, fi sa kanam.
24 Yaa sàmm kàddu ga nga waxoon sa
jaam ba, Daawuda sama baay, ci sa
gémmiñu bopp, te yaa sottal ci sab loxo sa
kàddu bés niki tey.

25 «Léegi nag Aji Sax ji Yàllay Israayil,
ngalla sàmmal la nga waxoon sa jaam ba,
Daawuda sama baay, ne ko: "Deesu la xañ
mukk ci saw askan ku góor kuy tooge
jalub Israayil fi sama kanam, ndegam saw
askan a ngi moytu seenu yoon, tey doxe fi
sama kanam noonee nga ko daan defe."
26 Kon nag yaw Yàllay Israayil, ngalla
saxalal wax jooju nga waxoon Daawuda
sama baay, sa jaam ba.

27 «Waaye yaw Yàlla! Ndax yaay dëkk ci
kaw suuf sax? Seetal rekk, Seetal rekk,
asamaan ba ca asamaani asamaan manu
laa fat, astamaak kër sii ma tabax.
28 Waaye Aji Sax ji, sama Yàlla, rikk,
teewlul li ma lay ñaan, man sab jaam, di la
ko dagaan; ngalla déggal sama yuux, te
nangu ñaan gi ma lay ñaan bés niki tey.
29 Yal nanga ne jàkk guddeek bëccëg ci
kër gii, béreb bi nga noon: "Fi la sama tur
di nekk," te yal nanga dégg ñaan gi may
ñaan jublu ci béreb bii, di ko ñaan, man sab
jaam.
30 Yal nanga may nangul sama dagaan,
nangul Israayil sa ñoñ. Bu ñu jubloo béreb
bii, ñaan la, yal nanga ko dégge béreb ba
nga dëkke ca asamaan, ba nangul leen,
jéggal leen.

31 «Ku ñu tuumaal ne moo tooñ
moroomam, te yoon waatloo ko ba waat
war ko, bu dikkee di waatsi fi sa kanam
sarxalukaay bi ci biir kër gii,
32 su boobaa, yaw rikk dégge ko fa
asamaan, àtte say jaam, ngir teg ki tooñ,
daanub tooñ, këpp añu jëfam ci kaw
boppam, te nga dëggal ki am dëgg, ngir jox
ko dëggam gi mu yelloo.

33 «Bu Israayil sa ñoñ daanoo fi kanam
ab noon, ndax tooñ gu ñu la tooñ, bu ñu
waññikoo ci yaw, sàbbaal saw tur, ñaan,
sàkku saw yiw ci biir kër gii,
34 su boobaa yaw, yal nanga dégge fa
asamaan, ba jéggale bàkkaarub Israayil sa
ñoñ, te nga delloo leen ca réew ma nga
joxoon seeni maam.

35 «Bu asamaan tëjoo, ba taw amul ndax
tooñ gu ñu la tooñ, bu ñu jubloo béreb bii,
ñaan la, sàbbaal saw tur, dëddu seen bàkkaar
ndax sa mbugal,
36 su boobaa yaw ngalla nangool fa
asamaan, te nga jéggale sa bàkkaaru jaam
ñi, Israayil sa ñoñ. Ngalla xamal leen yoon
wu baax wi ñu wara doxe te nga tawal sa
suuf, si nga joxoon sa ñoñ, muy seen cér.

37 «Bu xiif amee ci réew mi, mbaa mbas,
mbaa gàncax gi lakk, mbaa benaat xuural
ko, mbaa mu diy njéeréer mbaa soccet,
mbaa su dee congum seen noon ci seen
dëkki réew mi, mbaa muy mboolem luy
musiba ak mboolem jàngoro, su boobaa,
38 lépp lu ciy ñaan akug tinu gu bawoo ci
képp ku mu doon mbaa ci mboolem
Israayil sa ñoñ, te fekk ku ci nekk rààññee
mititu xolam, ba tàllal ay loxoom jublook
kër gii,
39 su boobaa, yaw, ngalla nangoo ko fa
asamaan, màkkaan ma nga dëkke, ba
jéggale, te nga jëf ba yool ku nekk kemu
mboolem ay jëfam, yaw mi xam xolam,
ndax yaw doŋŋ yaa xam xolu mboolem
doom aadama.
40 Su ko defee dinañu la ragal seen giiru
dund ci kaw suuf si nga joxoon sunuy
maam.
41 «Te itam doxandéem bu bokkul ci
Israayil sa ñoñ te jóge réew mu sore ngir sa
tur,
42 ndax kat dees na dégg sa tur wu màgg
ak sa dooley loxo ak sa kàttanu përëg, bu
dikkee ba jublu ci kër gii, ñaan,
43 su boobaa ngalla nangool fa
asamaan, màkkaan ma nga dëkke, te nga
defal doxandéem boobu mboolem lu mu
la ñaan, ndax xeeti àddina yépp xam sa tur,
ngir ragal la ni Israayil sa ñoñ, te xam ne
saw tur lañu tudd ci kër gii ma tabax.

44 «Bu sa ñoñ di xarejeek seen noon, ci
yoon woo leen yebal, su ñu ñaanee ci Aji
Sax ji, jublook dëkk bii nga tànn ak kër gii
ma tabax ngir sa tur,
45 su boobaa ngalla nangool fa asamaan
seenug ñaan ak seen dagaan te nga may

leen ndam.
46 Bu ñu la moyee, nde amul nit ku dul
moy, ba nga mere leen, teg leen ci loxob
noon, noon ba jàpp leen, yóbbu am réewam,
mu sore mbaa mu jege,
47 bu ñu demee ba seenum xel dellusee
fa réew ma ñu leen yóbbu ngàllo, ñu tuub
tey sàkku aw yiw fi yaw foofa ca réewum ña
leen jàpp, ne la: “Noo moy, noo ñaaw, noo
def lu bon,”
48 bu ñu waññikoo seen léppi xol ak seen
léppi jëmm ci yaw, foofa ca seen réewu
noon ya leen jàpp, ba gannaaw gi ñu ñaan
la, jublook seen réew ma nga joxoon seeni
maam, jublook dëkk bi nga tànn, jublook
kër gii ma tabax ngir sa tur,
49 su boobaa ngalla nangool fa
asamaan, fa màkkaan ma nga dëkke, seen
ñaan ak seen dagaan, te nga sàmm seen àq,
50 te it nga jéggal sa ñoñ ñi la moy, jéggal
leen seen mboolem tooñ yu ñu la tooñ, te
may leen yërmandey ña leen jàpp, ba ñu
yërëm leen.
51 Ndax kat ñooy sa ñoñ ñi nga séddoo,
génnee leen Misra, taalu xellikaayu weñ
gu ñuul ga.
52 «Sang bi, teewlul bu baax samay tinu
ak sa tinuy mboolooom Israayil mii, ba
nangul leen mboolem lu ñu la jooy,
53 ndaxte danga leena ber ci biir xeeti
àddina yépp, séddoo leen, te waxoon nga ko,
Musaa sa jaam ba jottali ko, ba ngay génne
sunuy maam Misra, yaw Boroom biy Aji
Sax ji.»

### *Suleymaan ñaanal na bànni Israayil*

54 Ba Suleymaan noppee ñaan Aji Sax ji
mboolem ñaanam ya ak dagaanam yooyu,
daa siggee ca sarxalukaayu Aji Sax ja mu
sukkoon tàllal loxo ya, jublu asamaan.
55 Mu taxaw, di ñaanal mboolooom
Israayil mépp, daldi àddu ca kaw ne:
56 «Cant ñeel na Aji Sax ji, moom mi may
Israayil mboolooom ab dalluwaay, muy la
mu waxoon lépp, ngir benn baat fanaanul
àll ci digey jàmm yi mu dige woon yépp, te
Musaa jaamam ba jottali ko.
57 Yal na sunu Yàlla Aji Sax ji ànd ak nun,
na mu ànde woon ak sunuy maam. Yàlla
bu nu wacc mukk mbaa mu di nu dëddu.
58 Yal na nu xiir ci boppam, nuy tegu ci
yoonam yépp, di jëfe ay santaaneem aki
dogalam ak àttey yoonam yi mu dénkoon
sunuy maam.
59 Sama kàddu yii ma ñaan fi kanam Aji
Sax ji, yal na doon lu sunu Yàlla Aji Sax ji
def yitteem guddeek bëccëg. Mu di ma
dëggal, man jaamam, di dëggal Israayil
ñoñam, saa yu nu ko soxlaa.
60 Su ko defee xeeti àddina yépp dinañu
xam ne Aji Sax ji mooy Yàlla, te amul
moroom.
61 Waaye nag joxleen Aji Sax ji sunu
Yàlla seen léppi xol, ngir ngeen mana tënku
ciy dogalam tey jëfe ay santaaneem ni
bésub tey.»

### *Suleymaan daloo na kër Yàlla ga*

62 Ba mu ko defee Buur Suleymaan ànd
ak Israayil gépp, sarxe ab sarax fi kanam
Aji Sax ji.
63 Mu defal Aji Sax ji saraxi cant ci biir
jàmm, lépp di ñaar fukki junniy nag ak ñaar
(22 000) ak téeméeri junniy gàtt ak ñaar
fukk (120 000). Noonu la Buur ak bànni
Israayil gépp amale xewu jagleb kër Aji
Sax ji.
64 Bésub keroog Buur sellal na digg ëtt ba
janook néegu Aji Sax ji, ndax fa la joxe
saraxu rendi-dóomal ba ak saraxu pepp ba
ak nebbonu saraxu cant ci biir jàmm, ndax
sarxalukaayu xànjar ba fa kanam Aji Sax ji
moo tuutoon ci defandoo saraxu
rendi-dóomal ba ak saraxu pepp ba ak
nebbonu saraxu cant ga ci biir jàmm.
65 Suleymaan nag amal màggal ga jant
yooyu, ànd caak Israayil gépp, muy ndaje
mu réy mu jóge Buntu Amat ca bëj-gànnaar
ba ca xuru Misra ca bëj-saalum, di màggalsi
fi sunu Yàlla Aji Sax ji, ba mu am juróom
ñaari fan, tegaat ca juróom ñaari fan, muy
fukki fan ak ñeent.
66 Ca ëllëg sa nag Buur yiwi mbooloo
ma, ñu ñaanal ko, daldi dellu seeni xayma,
ci biir mbégte ak xol bu sedd ci mboolem
lu baax la Aji Sax ji defal Daawuda
jaamam ba, ak Israayil, ñoñam.

## 9

### *Aji Sax ji feeñu na Suleymaan*

[1] Ba Suleymaan noppee ci tabax kër Aji
Sax ji ak kër buur, ak mboolem
nammeelam gu mu bëggoona sottal,
[2] la ko Aji Sax ji feeñu ñaareel bi yoon, na
mu ko feeñoo woon fa Gabawon.
[3] Aji Sax ji ne ko: «Dégg naa sag ñaan ak
sab dagaan. Maa sellal kër gii nga tabax,
ngir teg fi sama tur ba fàww. Samay gët ak
sama xol it fi lay nekk bés bu nekk.
[4] «Yaw nag, soo doxee fi sama kanam ni
Daawuda sa baay daan doxe cig mat akug
njub, di def lépp lu ma la sant, sama dogali
yoon ak sama àttey yoon, nga di ko sàmm,
[5] kon maay saxal sab jal ci kaw Israayil
ba fàww, na ma ko waxe woon Daawuda
sa baay, ne ko: "Doo ñàkk ku góor kuy toog
ci jalub Israayil."
[6] Waaye su ngeen ma dëddoo ba dëddu
ma, yeen ak seeni sët, ba jëfewuleen samay
santaane, sama dogali yoon yi ma leen
tëralal, bay dem di jaamu yeneen yàlla, di
leen sujjóotal,
[7] su boobaa maay génne bànni Israayil fi
déndub suuf si ma leen jox, te kër gi ma
sellal ngir sama tur, maa koy xalab, mu
sore ma, te kon Israayil mujj di tur wu ñuy
léeboo ak di ko kókkalee ci biir xeet yépp.
[8] «Su boobaa kër gii dina gent te képp ku
ko romb dina yéemu tey muslu ci lu ni mel,
te dina ne: "Lu tax Aji Sax ji def nii réew
mii ak kër gii?"
[9] Ñu ne: "Xanaa li ñu dëddu seen Yàlla Aji
Sax ji jële seeni maam réewum Misra, di
topp yeneen yàlla, di leen sujjóotal aka
jaamu. Moo tax Aji Sax ji teg leen musiba
mii mépp."»

## *Buur Suleymaan jëflante naak Buur Iram*

[10] Ñaar fukki at yi Suleymaan tabax ñaari
kër yi, kër Aji Sax ji ak kër buur, ba mu
matee
[11] fekk na Iram buurub Tir jox
Suleymaan ay banti garabi seedar ak
sippar*, ak mboolem lu mu soxla ci
wurus. Buur Suleymaan nag jox Iram ñaar
fukki dëkk ci diiwaanu Galile.
[12] Ci kaw loolu Iram bàyyikoo Tir, seeti
dëkk ya ko Suleymaan jox, waaye dëkk ya
neexu ko.
[13] Mu ne ko: «Sama waay, dëkk yi nga ma
jox nag?» Mu daldi tudde dëkk ya réewum
Kabul (muy firi Jarul dara), mooy turam
ba tey jii.
[14] Iram yónnee woon na Buur lu ëpp
ñeent fukki barigoy wurus.

[15] Buur Suleymaan dafa dogaloon
liggéeyu sañul-bañ bu mu sas ay nit. Ñu
tabax kër Aji Sax ji ak këru boppam ak
sëkkub Milo† ak tatay Yerusalem ya ak
dëkk yii di Àccor, Megido ak Geser. Ni mu
deme nii la:
[16] Firawna buuru Misra moo daloon ci
kaw Geser, nangu dëkk ba, lakk ko, rey
Kanaaneen ña ca dëkkoon, daldi may dëkk
ba doomam jay soxnas Suleymaan, muy
yebam.
[17] Suleymaan tabaxaat Geser ak Bet
Oron Suuf
[18] ak Baalat ak Tamar‡ ca màndiŋu réew
ma,
[19] ak mboolem dëkki dencukaayam, ak
dëkk ya watiiri xare ya dence, ak dëkki
gawar ya. Lu Suleymaan nammoona
tabax daal, tabax na ko ca Yerusalem ak
ca Libaŋ ak mboolem réew mu nekk ci
kilifteefam.
[20] Mboolem nit ña desoon ca Amoreen
ñaak Etteen ñaak Periseen ñaak Eween ñaak
Yebuseen ña, ñooñu bokkul ci bànni
Israayil,
[21] seen sët ya leen wuutu ca réew ma te
bànni Israayil manuñu leen woona
faagaagal, Suleymaan moo leen dugal ci
liggéeyu njaam ak sañul-bañ, ñu nekke ko
ba tey jii.
[22] Waaye ñi bokk ci bànni Israayil,
Suleymaan defu leeni jaam, ndax ñoom
ñoo doon ay xarekatam aki dagam aki
jawriñam aki njiiti xareem ak boroom
watiiri xareem ak dawalkati watiiram.
[23] Ñoo doon saytukat yi yore liggéeyi
Suleymaan. Amoon na juróomi téeméeri
jawriñam ak juróom fukk (550) yu daan
jiite nit ñiy def liggéey bi.

[24] Doomu Firawna ju jigéen ja nag jóge
gox ba ñu naan Kër Daawuda, séyi kërug
boppam ga ko Suleymaan tabaxal.

* **9.11** ***sippar:*** seetal ci 5.22. † **9.15** ***Milo,*** xur la wu doxoon diggante kër Yàlla ga ak gox ba ñu naan Kër Daawuda. Suleymaan sëkklu ko. ‡ **9.18** ***Tamar*** dees na ko wax Tadmor ba tey.

Gannaaw gi la Suleymaan tabax sëkkub
Milo.
25 Suleymaan di def ñetti yoon cim at ay
saraxi rendi-dóomal ak saraxi cant ci biir
jàmm, di ko sarxal ci kaw sarxalukaay bi
mu tabaxal Aji Sax ji, boole ci di taal
cuuraay ci kaw sarxalukaay bi, fi kanam
Aji Sax ji. Mu daldi sottal la war ca kër
Yàlla ga.
26 Ay gaal yu mag itam Buur Suleymaan
defarlu na ko ca Eccon Geber ga ca wetu
Elat, ca tefesu géeju Barax ya, ca réewum
Edom.
27 Iram yebal ay nitam, ñuy mool yu xam
géej. Ñu ànd ak niti Suleymaan ca gaal ya,
28 dem Ofir. Lu ëpp téeméeri barigoy
wurus ak ñeent fukk (140) lañu fa jële, indil
Buur Suleymaan.

# 10

## *Lingeer buurub Seba seetsi na Suleymaan*

1 Ci kaw loolu Lingeeru Seba dégg
riirum Suleymaan ma turu Aji Sax ji
waral. Mu dikk di nattusi am xelam, cax
ko cax yu jafe.
2 Mu agsi Yerusalem, ànd ak topp mu
takku lool ak giléem yu sëf ay ndàbb yu
xeeñ ak wurus wu baree bare ak per yu
gànjare. Ba mu dikkee ba ci Suleymaan,
mboolem la mu jàppoon ca xelam la ko
wax.
3 Suleymaan tontu ko ca mbir ya mu
laaj yépp. Menn mbir tiiñul Buur, ba
leeralalu ko ko.
4 Lingeer buurub Seba gis xelum
Suleymaan mu rafet mépp, ak kër ga mu
tabax,
5 ak njëlu këram, ak jataayu dagam ya, ak
taxawaayu surgaam ña ak seen col ga, ak
ña yor ay naanam, ak saraxi rendi-dóomal
ya muy joxe ca kër Aji Sax ji. Mu daldi
yéemu, ba ag noowam réer ko.
6 Mu ne Buur: «Jëw ba ma déggoon ca
sama réew ci say mbir ak sa xel mu rafet
kay, lu dëggu la!
7 Gëmuma ko woon ba bi ma dikkee, ba
teg ci sama bët. Ndeke genn-wàll gi sax
waxeesu ma ko woon. Wees nga riir ma
ma déggoon ci yaw, ci xel mu rafet ak lu
baax.
8 Ndokkalee say nit! Ndokkalee sa
jawriñ ñii dëkke taxaw ci sa kanam, di
dégg sam xel!
9 Cant ñeel na sa Yàlla Aji Sax ji, moom
mi la bége, ba teg la ci jalub Israayil. Aji
Sax ji moo sopp Israayil cofeel gu dul jeex,
ba tax mu fal la buur, ngir ngay jëfe dëgg
ak yoon.»
10 Ba mu ko defee Lingeer buurub Seba
may Suleymaan lu ëpp ñeent fukki barigoy
wurus ak cuuraayu ndàbb lu ne gàññ ak
per yu gànjare. Cuuraayu ndàbb loola
Lingeer buurub Seba mayoon Buur
Suleymaan, lu ni mel dikkatu fa ndax
bare.
11 Gaali Buur Iram ya itam daan jële
wurus ca réewum Ofir, jële Ofir lu takkoo
takku ci banti sàntaal ak per yu gànjare.
12 Buur sàkke ca banti sàntaal ya ay
sëppukaayi kaw taax ngir kër Aji Sax ji ak
kër buur ak ay xeeti xalam ngir woykat yi.
Banti sàntaal bu ni mel masu faa dikk, te
giseesu ko fi ba tey jii.
13 Buur Suleymaan itam may Lingeer
buurub Seba mboolem lu mu bëgg te
sàkku ko, te bokkewul ak la ko Suleymaan
joxal boppam ca loxoom bu tàlli ba buur
yelloo. Ba loolu amee Lingeer buurub
Seba walbatiku, ñibbim réewam, mooki
surgaam.

## *Suleymaan bare woon na alal*

14 Wurus wa daan dikkal Suleymaan
cim at, diisaay ba tollu ci ñaari téeméeri
barigoy wurus ak ñaar fukk ak juróom ñett
(228),
15 te limaaleesul galag ya jóge ca jaaykat
yaak jula yaak mboolem buuri Arabi ak
jaraafi réew ma.
16 Buur Suleymaan nag sàkklu ñaari
téeméeri pakk yu mag yu wurus wu ñu tëgg
ba mu jekk, benn bu ci nekk jël lu tollook
juróom ñaari kiloy wurus,
17 ak ñetti téeméeri pakk yu ndaw yu
wurus wu ñu tëgg ba mu jekk, pakk bu ci
nekk di xawa tollook ñaari kiloy wurus.
Buur boole ko denc ca këram ga ñuy wax
Gottub Libaŋ.
18 Buur teg ca sàkk ngàngune mu mag mu
ñu xoobe wurus wu set wecc, rafetale ko
yaxu bëñi ñey.

19 Juróom benni dëggastal la ngàngune ma
am, wéeruwaay ba ca kaw mërgalu. Mu am
ay loxo yu séq toogukaay bi, ak ñaari jëmmi
gaynde yu taxaw, wet gu nekk benn.
20 Mu am it fukki jëmmi gayndeek ñaar
yu taxaw ca ñaari weti juróom benni
dëggastal ya, ñaari gaynde séq ndëggastal lu
nekk. Sàkkeesul lu ni mel ci mboolem
nguur yi!

21 Mboolem lu Buur Suleymaan daan
naane wurus la, te mboolem ndabi këram
ga ñuy wax Kër Gottub Libaŋ wurusu
ngalam la. Dara du ca xaalis, ndax xaalis
jàppeesu ko woon muy dara ca jamonoy
Suleymaan.
22 Te sax ay gaal yu mag la Buur amoon,
ñuy ànd ak gaali Iram, benn yoon ci ñetti at
yu nekk gaal ya yeb wurus ak xaalis ak
bëñi ñey aki golo, ba ciy dàngin.

23 Buur Suleymaan dem na ba sut
mboolem buuri kaw suuf ci wàllu alal ak
ci wàllu xel mu rafet.
24 Àddina sépp a daan wuta giseek
Suleymaan, ngir taataansi xelam mu rafet
mi Yàlla def cib xolam.
25 Ñooñu ñoo ko daan indil at ci kaw at,
ku nekk ak sab teraanga, muy ay
jumtukaayi wurus ak yu xaalis aki yére aki
gànnaay aki cuuraay aki fas aki berkelle.

26 Ba mu ko defee Suleymaan dajale
watiir yaak fas ya, muy junni ak ñeenti
téeméeri (1 400) watiir ak fukki junniy fas
ak ñaar (12 000) yu mu yebal ca dëkk ya
watiir ya féete, ak ca Yerusalem ga mu
nekk.
27 Buur Suleymaan a def xaalis late biir
Yerusalem bay safi doj, garabi seedar di fa
saf garabi sikomoor yi ne xas ci suufu
tund yi.
28 Fasi Suleymaan, Misra lañu leen daan
jëggaanee ak Silisi*, baana-baanay buur, ca
Silisi lañu leen daan jënde.
29 Ab watiir bu ñu jëggaanee Misra, indi,
juróom benni téeméeri dogi xaalis (600) la
leen daan dikke, aw fas di téeméer ak
juróom fukki dogi xaalis (150), te noonu
lañu ca daan jëndaaleel mboolem buuri
Etteen ña ak buuri Siri, indil leen.

# 11

### *Suleymaan moy na*

1 Ci biir loolu Buur Suleymaan bëggoon
na jigéeni yeneen xeet yu bare te bokkul
ak doomu Firawna ji mu jëloon: ñuy ay
jigéeni Mowabeen ak jigéeni Amoneen ak
jigéeni Edomeen ak jigéeni waa Sidon ak
jigéeni Etteen.
2 Ñooñu bokk ci xeet yi Aji Sax ji waxoon
bànni Israayil ne leen: «Buleen jëli jabar ci
ñoom, ñoom it buñu takksi ci yeen, ndax
kon dinañu leen dëpp, ngeen topp seeni
tuur.» Teewul Suleymaan bëgg leen, taq
leen.
3 Mu denc ca juróom ñaari téeméeri
lingeer (700) ak ñetti téeméeri (300)
nekkaale. Soxnaam ya nag dëpp ko.
4 Ba Suleymaan demee ba màggat, ay
soxnaam xiir ko ci topp yeneen yàlla, ba
wéetalul Yàllaam Aji Sax ji, na ko Daawuda
baayam wéetale woon.
5 Ba loolu amee Suleymaan di topp tuur
ya ñuy wax Astàrt* di tuuri waa Sidon, ak
Milkom, tuuru Amoneen mu siblu ma.
6 Mu def lu ñaaw fi kanam Aji Sax ji.
Suleymaan jeexul woon ci Aji Sax ji, na
baayam Daawuda jeexe woon ci moom.
7 Ci biir loolu Suleymaan tabaxal
Kemos, tuuru Mowab mu siblu ma, ab
bérebu jaamookaay ca kaw tund wa féete
Yerusalem penku. Mu tabaxaaleel ca
Moleg†, tuur mu siblu ma Amoneen ñay
jaamu.
8 Mu defal noonu mboolem soxnaam ya
xeetoo feneen, ñuy taalal seeni tuur
cuuraay, di leen rendil ay sarax.
9 Aji Sax ji nag mere Suleymaan ndax la
mu ko dëddu, moom Aji Sax ji Yàllay
Israayil ji ko feeñu woon ñaari yoon.
10 Dafa santoon Suleymaan ci mbir
moomu, ne ko bumu topp tuuri yeneen
xeet yi. Waaye deful li ko Aji Sax ji
santoon.

* **10.28** ***Silisi*** mooy Kewe ba tey. * **11.5** ***Astàrt***, tuur mu jigéen la woon bu ay xeeti penku daan jaamu. Ñu yaakaaroon ne dina leen may, ñu jur doom yu bare, seeni jur ak seeni tool it, lépp nangu ba bare. Ñu jàppoon ne Astàrt mooy jabaru tuur ma ñu naan Baal. † **11.7** ***Moleg*** ak Milkom jàpp nañu ne benn la.

11 Aji Sax ji ne Suleymaan: «Gannaaw nii
nga defe, sàmmoo sama kóllëre, sàmmoo
sama dogal yi ma la tegoon, dinaa foqatee
nguur gi ci say loxo, jox ko sab surga.
12 Waaye duma ko def ci sag dund ngir
sa baay Daawuda. Ci sa loxol doom ju góor
laa koy foqatee.
13 Te ba tey du nguur gépp laay foqati.
Dinaa bàyyee sa doom genn giir ndax
Daawuda sama jaam ba ak Yerusalem gi
ma tànn.»

*Ay noon jógal nañu Suleymaan*

14 Ba mu ko defee Aji Sax ji gemb ab
noon bu jógal Suleymaan. Muy Adàdd,
Edomeen ba askanoo ca buurub Edom.
15 Ba Daawuda di xareek waa Edom te
Yowab njiital xareem demoon di suuli
néew ya, Daawuda daa reyoon góori
Edomeen ña ñépp.
16 Yowab ak Israayil gépp toog fa juróom
benni weer, ba keroog ñu rey góori
Edomeen ñépp.
17 Ci biir loolu Adàdd ànd ak ay Edomeen
ñu bokkoon ci dagi baayam, daldi daw jëm
Misra. Booba Adàdd xale bu góor bu ndaw
la woon.
18 Ñu jóge Majan, dem Paran, ànd ak ay
waa Paran dem Misra, ca Firawna buuru
Misra. Firawna jox Adàdd suuf, may ko
kër akub dund.
19 Firawna dafa bëggoon Adàdd lool, ba
may ko jabar rakki Lingeer Tapenes,
jabari boppam.
20 Rakki Tapenes ja am ak Adàdd doom
ju góor, di Genubat; Tapenes yor ko ca biir
kër Firawna, Genubat nekk ak doomi
Firawna, ca biir kër Firawna.
21 Ci kaw loolu Adàdd dégge fa mu nekk
ca Misra ne Buur Daawuda saay na, fekki
ay maamam, te Yowab njiital xare la it dee
na. Adàdd ne Firawna: «Yiwi ma, ma dellu
sama réew.»
22 Firawna ne ko: «Ana loo ñàkk fii ci
man, ba bëgga dellu nii sam réew?» Adàdd
ne ko: «Du dara sax de, xanaa bëgg rekk,
nga yiwi ma, ma dem.»
23 Yàlla dellu gemb ab noon bu jógal
Suleymaan. Muy Reson doomu Elyada ma
dawe woon ca Adadeser buurub Coba,
sangam ba.
24 Mu boole ay farandoom, ànd ak ñoom,
jiite leen gannaaw ba Daawuda reyee
xarekati sangam. Ñu dem sanc Damaas,
moom ko.
25 Reson nag moo noonoo woon Israayil
diir ba Suleymaan di dund, dolli ca la leen
Adàdd lëjal. Ci kaw loolu Reson falu ca Siri,
di bañaaleb Israayil.

26 Keneen ku jógal Buur Suleymaan di
Yerbowam doomu Nebat, Efraymeen bu
dëkk Cereda, ndeyam tudd Ceruya, dib
jëtun. Ma nga bokkoon ca jawriñi
Suleymaan.
27 Ni mu jógale Buur nii la: Suleymaan
da doon yékkati sëkkub Milo‡ ba, di fatt
tatay gox ba ñu naan Kër Daawuda miy
baayam.
28 Booba Yerbowam xalelu góor bu
jàmbaare la woon. Suleymaan jot koo
nemmiku ci biir liggéeyam, ba tax mu tabb
ko ca kaw mboolem liggéeykati sañul-bañ
ya askanoo ca Yuusufa.

29 Mu am bés Yerbowam doon génne
Yerusalem. Axya, yonent bu dëkk Silo ba,
dajeek moom ca yoon wa. Ma nga sol
mbubb mu bees. Ñoom ñaar rekk ci àll bi.
30 Axya daldi jàpp ci mbubb mu bees mi
mu sol, ne ko tareet, dagg ko fukki dog ak
ñaar.
31 Mu ne Yerbowam: «Jëlalal fii sa bopp
fukki dog, ndax Aji Sax ji Yàllay Israayil da
ne: “Gisal, maa ngi dagge nguur gi ci loxol
Suleymaan, te dinaa la ci jox fukki giir.
32 Waaye genn giir gi Suleymaan a koy
moom ndax Daawuda sama jaam ba, ak
Yerusalem, dëkk ba ma tànne ci mboolem
giiri Israayil.
33 Li ko waral mooy dañu maa dëddu, di
jaamu Astàrt, tuur mu jigéen mu waa
Sidon di jaamu, ak Kemos, tuuru
Mowabeen ñi, ak Milkom, tuuru Amoneen
ñi. Dañoo baña topp samay yoon, baña def
li ma rafetlu, di sàmm samay dogal ak
sama àttey yoon, na ko Daawuda baayu
Suleymaan daan defe.
34 Waaye duma jële nguur gépp ci
loxoom, ndaxte dama koo def njiit giiru
dundam gépp ndax Daawuda sama jaam

‡ **11.27** ***Milo,*** xur la wu doxoon diggante kër Yàlla ga ak gox ba ñu naan Kër Daawuda. Suleymaan sëkklu ko.

ba ma tànnal sama bopp, te mu doon jëfe
samay santaane ak samay dogal.
35 Du tee ma nangoo nguur gi ci loxol
doomam ju góor, jox la ci fukki giir.
36 Doomam nag dinaa ko jox genn giir gi
ci des, ngir askanu Daawuda, sama jaam
ba, baña fey mukk ci sama kanam ci biir
Yerusalem, dëkk bi ma tànnal sama bopp,
dëël fa sama tur.
37 Yaw dinaa la jël, def la nga jiite fépp
foo bëgg, di buurub Israayil.
38 Te soo defee mboolem li ma la sant,
topp samay yoon, di def li ma rafetlu tey
jëfe samay dogal ak samay santaane, na ko
Daawuda sama jaam ba daa defe, su
boobaa dinaa ànd ak yaw te dinaa la
sampal kër gu sax, ni ma ko sampale
woon Daawuda, te dinaa la jox Israayil.
39 Kon dinaa toroxal askanu Daawuda
waaye du doon ba fàww."»
40 Ba mu ko defee Suleymaan di fexee
rey Yerbowam; Yerbowam daw ba Misra,
fa Sisag buuru Misra. Mu toog foofa ca
Misra, ba Suleymaan génn àddina.

### *Buur Suleymaan saay na*

41 Li des ci mbiri Suleymaan ak
mboolem lu mu def ak lu jëm ci xelam mu
rafet, bindees na lépp moos ca téere ba ñu
dippee Jaloorey Suleymaan.
42 Àpp bi Suleymaan nguuru fa
Yerusalem, ci kaw Israayil gépp, ñeent
fukki at la.
43 Gannaaw loolu Buur Suleymaan saay,
fekki ay maamam. Gox ba ñuy wax Kër
Daawuda baayam, fa lañu ko denc.
Robowam doomam moo falu buur, wuutu
ko.

## Réew ma xàjjalikoo na

## 12

*(Saar 12.1—22.54)*

### *Israayil jàmbu na Robowam*

1 Ba loolu amee Robowam dem dëkk ba
ñuy wax Sikem, ndax fa la Israayil gépp
daje woon, ngir fal ko buur.
2 Yerbowam doomu Nebat dégge ko ca
Misra ga mu dawoon dem, di fa làqu Buur
Suleymaan, te toogoon foofa ca Misra ba
booba.
3 Waa giiri bëj-gànnaar woolu ko, ñu
daldi ànd mook mbooloom Israayil mépp
ca Robowam. Ñu ne ko:
4 «Sa baay da noo tegoon njaam gu
metti. Léegi yaw dangay woyofal sunu
liggéey bu metti bi nu sa baay sëf, te
yolomal buumu njaam gu teeŋ gi mu nu
gàll, kon nu jaamu la.»
5 Mu ne leen: «Demleen ba mu am ñetti
fan, ngeen délsi.» Mbooloo ma daldi dem.
6 Buur Robowam giseek mag ña daa
taxawu Suleymaan baayam ba muy dund.
Mu ne leen: «Lu ngeen may digal, ma wax
ko mbooloo mii?»
7 Ñu ne ko: «Soo nangulee tey mbooloo
mii, déggal leen, wax leen kàddu yu rafet,
say jaam lañuy doon ba fàww.»
8 Robowam nag dégluwul waxi mag ña,
xanaa dem giseek xale yu góor ya
màggandoo ak moom te di ko taxawu.
9 Mu ne leen: «Lu ngeen may digal ma
wax ko mbooloo mii ne ma, ma yolomal
buumu njaam gi leen sama baay yeewe
woon?»
10 Xale yu góor ya mu màggandool wax
ko ne ko: «Mbooloo mii ne la sa baay da
leena yeewoon buumu njaam gu teeŋ,
waaye yaw yolomalal leen ko; li nga leen
di wax mooy lii: "Sama baaraamu
sanqleeñ moo gëna diis sama tànku baay.
11 Sama baay a leena tegoon njaam gu
metti, waaye man maay yokk seen njaam,
ba mu gëna metti. Te sama baay ay yar la
leen daan cawe, waaye man ay leraw yu
ñu kor weñ laa leen di cawe."»
12 Ca ñetteelu bés ba Yerbowam ànd ak
mbooloo ma mépp, dellu ca Robowam,
noonee leen ko Buur waxe woon ne leen
ñu dem ba mu am ñetti fan, ñu délsi.
13 Buur tontu mbooloo ma kàddu gu
ñagas, bàyyi la ko mag ña digaloon.
14 Na ko xale yu góor ya digale la waxeek
ñoom, ne leen: «Sama baay a leen tegoon
njaam gu metti, waaye man maa koy
yokk, mu gëna metti. Te sama baay ay yar
la leen daa cawe, waaye man ay leraw yu
ñu kor weñ laa leen di cawe.»
15 Noonu la Buur tanqamloo mbooloo
ma, te Aji Sax ji moo walbatee noonu mbir
ma, ngir amal wax ja mu waxoon

Yerbowam doomu Nebat, Axya waa Silo
ba jottali.
16 Ba Israayil gépp gisee na leen Buur
tanqamloo, dañu koo tontu ne ko:

«Ana lu nu bokk ak Daawuda,
lu nu séq ak doomu Yese?
Bànni Israayiloo, delluleen ca seeni
xayma!
Yaw askanu Daawuda, xoolalal sa bopp sa
kër.»

Ba mu ko defee bànni Israayil dellu ca
seeni xayma.
17 Teewul bànni Israayil ya dëkkoon ca
dëkki Yuda, Robowam wéy di seen buur.
18 Ci kaw loolu Buur Robowam yónni
Adoram may sase liggéeyi sañul-bañ ya.
Teewul Israayil gépp bokk dóor ko ay doj
ba mu dee. Buur Robowam daldi gaaw
war watiir, daw làquji Yerusalem.
19 Noonu la Israayil fippoo ci kaw waa
kër Daawuda ba sunu jonni yàllay tey.
20 Ci biir loolu Israayil gépp dégg ne
Yerbowam délsi na; ñu woote ndaje, woo
ko ca, fal ko buurub Israayil gépp. Kenn
farul ak waa kër Daawuda, lu moy waa
giirug Yuda doŋŋ.
21 Ci kaw loolu Robowam agsi
Yerusalem, daldi woo waa kër Yuda gépp,
ñook giirug Beñamin, ñu daje di téeméer ak
juróom ñett fukki junniy nit (180 000), diy
ñeyi xare. Ñu nara xareek waa kër
Israayil, ngir delloo nguur ga ca loxol
Robowam doomu Suleymaan.
22 Ci biir loolu kàddug Yàlla dikkal góoru
Yàlla gu ñuy wax Semaya. Mu ne ko:
23 «Waxal Robowam doomu Suleymaan
buurub Yuda, ak waa kër Yudaak Beñamin
ak mbooloo ma ca des, ne leen:
24 “Aji Sax ji dafa wax ne: Buleen jóg di
xeex ak seen bokki bànni Israayil. Na ku
nekk ñibbi këram, ndax ci man la mbir mii
sababoo.”» Ñu dégg kàddug Aji Sax ji,
walbatiku dem, noonee ko Aji Sax ji waxe.

## *Yerbowam buurub Israayil bokkaale na*

25 Gannaaw loolu Yerbowam tabaxaat
Sikem, dëkk ba ca diiwaanu tundi
Efrayim, daldi fay dëkk. Mu jóge foofa
tabaxaat dëkk ba ñuy wax Penuwel.
26 Yerbowam nag di wax ca xelam naa:
«Léegi nguur gi dellu ci loxol waa kër
Daawuda.
27 Bu mbooloo mii demee di sarxali ca
kër Aji Sax ji ca Yerusalem, seen xol dina
walbatiku ne napp ca seen sang,
Robowam buurub Yuda. Su ko defee ñu
rey ma, dellu ca Robowam buurub Yuda.»
28 Ci kaw loolu Buur seetluwaat mbir
ma, daldi sàkklu ñaari wëlluy wurus. Mu ne
mbooloo ma: «Yeen waa Israayil, bare
ngeen lu ngeen di jaabante yoonu
Yerusalem. Xoolleen fii kay! Seen yàlla ya
leen génne woon réewum Misraa ngii.»
29 Ba loolu amee mu teg wenn wëllu wa
ca dëkk ba ñuy wax Betel, ca bëj-saalum, wa
ca des mu tegi ko ca Dan ca bëj-gànnaar.
30 Mbir moomu doon bàkkaar. Mbooloo
ma dox jiitu wenn wëllu wa, ba àgg Dan.
31 Ci kaw loolu Yerbowam tabax ay
bérebi jaamookaay, ba noppi tabb ay
sarxalkat ci baadoolo yu bokkul ci askanu
Lewi.
32 Ba mu ko defee Yerbowam dogal
màggalug fukki fan ak juróom ca weeru
juróom ñetteel wa. Mu mel ni màggal gay
am Yuda. Yerbowam rendi ay sarax ca
sarxalukaay ba. Noonu la def Betel: wëllu
ya mu defarlu woon, rendil fa ay sarax. Ci
biir loolu mu tabb ca Betel ay sarxalkat
ngir bérebi jaamookaay yooyu mu sos.
33 Nii la rendee ay sarax ca kaw
sarxalukaay ba mu sàkklu ca Betel, ca
fukki fan ak juróom ca weeru juróom
ñetteel wa, muy weer wu mu tànnal
boppam. Ba mu ko defee mu dogalal waa
Israayil màggal googu, daldi yéeg ca kaw
sarxalukaay ba, ngir taal fa sarax su ñuy
lakk.

# 13

## *Nitu Yàlla àddu na ca Betel*

1 Yàlla-woo-yàlla, genn góoru Yàlla jóge
Yuda, dikk ba Betel ci ndigalal Aji Sax ji,
fekk Yerbowam taxaw ca sarxalukaay ba,
nara taal saraxu cuuraay.
2 Góor ga xaacu, gëdd sarxalukaay ba ci
ndigalal Aji Sax ji, daldi ne: «Yaw
sarxalukaay bi, éey sarxalukaay bii! Aji
Sax ji dafa wax ne: “Xamal ne doom ju
góor dina juddoo kër Daawuda, Yosya lay

tudd. Sarxalkati bérebi jaamookaay yiy
taal saraxu cuuraay ci sa kaw, ñoom lees
di rendi ci sa kaw. Yaxi nit lees di lakk ci
sa kaw."»
3 Góor ga joxe na ca bésub keroog ab
takk, mu ne: «Takk bii la ci Aji Sax ji biral:
"Seetluleen, sarxalukaay bi dina xar ñaar,
dóom bi ci kaw sottiku."»
4 Naka la Buur Yerbowam dégg na góoru
Yàlla ga xaacoo, gëdd sarxalukaayu Betel
ba, mu daldi koy tàllal loxoom, foofa ca
sarxalukaay ba. Mu ne: «Jàppleen ko!»
Loxo ba mu ko tàllal nag ne kàdd, manatu
koo bank.
5 Sarxalukaay ba xar ñaar, dóom ba
tuuroo ca sarxalukaay ba, ne wàww. Muy
takk ba góoru Yàlla ga joxe woon ci
ndigalal Aji Sax ji.
6 Buur ne góoru Yàlla ga: «Rikk tinul ma
sa Yàlla Aji Sax ji te ñaanal ma, sama loxo
mana banku.» Góoru Yàlla ga tinul Buur
Aji Sax ji, loxoom bankuwaat, mel na mu
meloon.
7 Ci kaw loolu Buur wax góoru Yàlla ga
ne ko: «Ñëwal nu dem kër ga, nga xéewlu,
ba noppi ma am lu ma la may.»
8 Góoru Yàlla ga nag ne Buur: «Soo ma
joxoon sa genn-wàllu kër sax, duma ànd ak
yaw te duma sex dugub it mbaa may
naanum ndox ci bii béreb,
9 ndax loolu lañu ma sant ci ndigalal Aji
Sax ji, ne ma: "Bul sex dugub, bul naanum
ndox te bul walbatiku jaare yoon wa nga
jaare woon bi ngay ñëw."»
10 Góor ga nag awe feneen, baña
walbatiku awe fa mu awoon ba muy dikk
Betel.

### *Ab yonent nattu na moroomam*

11 Booba ab yonent bu màggat a nga
woon ca Betel. Ay doomam yu góor dikk.
Kenn ci ñoom nettali ko mboolem la góoru
Yàlla ga def bésub keroog ca Betel ak la mu
wax Buur. Ñu yegge ko seen baay.
12 Seen baay laaj leen ne leen: «Ana yoon
wu mu jaare?» Fekk na doomam yu góor
ya gisoon nañu fa góoru Yàlla ga jaare
woon, bàyyikoo Yuda. Ñu wax ko.
13 Mu ne leen: «Takkalleen ma mbaam
mi.» Ñu takkal ko mbaam ma, mu war,
14 toppi góoru Yàlla ga, fekk ko ci genn
ker garabu terebent. Mu ne ko: «Yaa di
góoru Yàlla gi jóge Yuda?» Mu ne ko:
«Waaw.»
15 Mu ne ko: «Kaay, nu dem kër ga, nga
sex dugub, boog.»
16 Mu ne ko: «Duma mana walbatiku ànd
ak yaw, manumaa sex dugub it mbaa may
bokk ak yaw ndoxum naan ci bii béreb.
17 Ndaxte dañu maa wax ci ndigalal Aji
Sax ji ne ma: "Bu fa sex dugub, bu fa
naanum ndox te bul walbatiku jaare yoon
wa nga jaare woon bi ngay ñëw."»
18 Mu dellu ne ko: «Man itam yonent laa
ni yaw. Malaaka wax na ma ci ndigalal Aji
Sax ji ne ma: "Wañññi ko, mu ànd ak yaw sa
kër, sex dugub, naan ndox."» Fekk na la
muy wax amul.
19 Mu walbatiku ànd ak moom ca kër ga,
sex fa dugub, naan fa ndox.

20 Ba ñu toogee ca ndab la, kàddug Aji
Sax ji dikkal yonent ba wañññi góoru Yàlla
ga.
21 Mu àddu ca kaw ne góoru Yàlla ga jóge
Yuda: «Aji Sax ji dafa wax ne: Gannaaw
tebbi nga waxi Aji Sax ji te defoo li la sa
Yàlla Aji Sax ji sant,
22 xanaa walbatiku di sex dugub, di
naan ndox ci béreb bi mu la waxoon ne la
bu fi sex dugub, bu fi naan ndox, sab néew
du fekki say maam ca seen bàmmeel.»
23 Ba góoru Yàlla ga sexee dugub ba naan
ndox, yonent ba ko wañññi woon takkal ko
mbaam ma.
24 Mu dem, gaynde dogale ko, rey ko,
néewam ne lareet ca yoon wa, mbaam
maak gaynde ga taxaw ca wet ga.
25 Naka la ay nit jaare foofa, séenuñu lu
moy néew ba ne lareet ca yoon wa, gaynde
ga taxaw ca wet ga. Ñu dem yegge ko waa
dëkk ba yonent bu màggat ba dëkkoon.

26 Yonent booba ko wañññi woon ca yoon
wa nag dégg ko ne: «Góoru Yàlla gaa! Ka
tebbi woon waxi Aji Sax ji, Aji Sax ji boole
kook gaynde gi, mu fàdd ko, rey ko. Moom
la ko kàddug Aji Sax ji waxoon.»
27 Mu ne doom ya: «Takkalleen ma
mbaam mi.» Ñu takkal ko.
28 Mu dem fekk néew ba ne lareet ca
yoon wa, mbaam maak gaynde ga taxaw
ca wet ga. Gaynde ga lekkul néew ba,
fàddul mbaam ma.

29 Yonent ba yékkati néewub góoru Yàlla
ga, teg ko ca kaw mbaam ma, delloosi ko.
Noonu la yonent bu màggat ba ñibbee
dëkkam ngir rob ko, jooy ko.
30 Mu denc néew ba ca bàmmeelu
boppam. Ñu di ko jooy, naan: «Wóoy sunu
mbokk ma!»
31 Gannaaw ba ñu ko robee, mu wax
doomam yu góor ya ne leen: «Bu ma
faatoo, nangeen ma rob ci bàmmeel bii ñu
denc góoru Yàlla gi. Fi weti yaxam ngeen di
tëral samay yax.
32 Ndaxte li wér te wóor déy, wax ji mu
jottali ci ndigalal Aji Sax ji, ba muy gëdd
sarxalukaayu Betel bi ak mboolem bérebi
jaamookaay yi ci dëkki Samari, wax jooju
dina am.»
33 Gannaaw loolu Yerbowam dëppul
yoonam wu bon wa mu topp. Dafa dellu
tabb ci biir baadoolo yi ay sarxalkat ngir
bérebi jaamookaay ya. Ku bëgg rekk mu
tabb la, ngay sarxalkat ca bérebi
jaamookaay ya.
34 Loolu nag di bàkkaar bu réy* ci biir kër
Yerbowam, ba tax askanam daanu, ba
raaf fi kaw suuf.

# 14

### *Aw tiis dal na ci kaw Yerbowam*

1 Ca yooyu jamono Abya doomu
Yerbowam ju góor wopp.
2 Yerbowam wax soxnaam, ne ko: «Ayca,
doxal soppiji col, ba kenn du xam ne sama
soxna nga, te nga dem Silo. Dama ne,
Axya yonent baa nga fa. Moo ma waxoon
ne ma, dinaa falu buur, jiite mbooloo mii.
3 Yóbbaaleel fukki mburu ak nàkk yu
ndaw ak taxub lem te nga dem ca moom.
Moom dina la wax nan la mbiri gone gii di
deme.»
4 Soxnas Yerbowam def noona, daldi
dem Silo, agsi kër Axya.

Booba Axya gisatul. Bët ya daa muuru
ndax màggat.
5 Waaye fekk na Aji Sax ji wax Axya, ne
ko: «Dama ne, soxnas Yerbowam a ngi ñëw
di leerlusi mbirum doomam ju góor ci
yaw, ndax dafa wopp. Bu dikkee keneen
lay mbubboo.» Aji Sax ji ne Axya, mu wax
ko nàngam ak nàngam.
6 Ba loolu amee Axya dégg tànki ndaw sa
ca bunt ba. Mu ne ko: «Soxnas Yerbowam,
agsil! Ana looy mbubboo keneen nii? Man
de yóbbante nañu ma ci yaw xibaar bu tiis.
7 Demal ne Yerbowam: “Aji Sax ji Yàllay
Israayil dafa wax ne: Dama laa yékkati ci
biir mbooloo mi, fal la nga jiite Israayil
sama ñoñ.
8 Damaa foqatee nguur gi ci loxol waa
kër Daawuda, jox la ko. Waaye meloo ni
Daawuda, sama jaam ba daan jëfe samay
santaane, toppe ma léppi xolam, du def lu
moy lu ma rafetlu.
9 Def nga musiba, ba raw mboolem ñu la
jiitu, dem di sàkkal sa bopp yeneen yàlla ak
tuur yu ñu móole weñ, ba sama xol fees.
Man mii nga xarab, dëddu ma.
10 Moo tax duma def lu moy wàcce
musiba ci kër Yerbowam.
Dinaa bóom kuy colal, te bokk ci
Yerbowam,
ba ci ku gëna néew doole te tumurànke fi
digg Israayil.
Dinaa buub kër Yerbowam, sànni,
ni ñuy buubee neefare, ba mu jeex tàkk.
11 Ku Yerbowam deele ci dëkk bi, xaj yi
lekk;
ku ca médd ca àll ba, njanaaw ya for.
Aji Sax ji wax na ko.”
12 «Yaw nag jógal ñibbi sa kër. Booy teg sa
tànk ca biir dëkk ba rekk, gone gi dee.
13 Israayil gépp dinañu ko jooy. Kooku
rekk déy lees di denc ci bàmmeel, ci ku
bokk ci Yerbowam, ngir ci moom doŋŋ la
Aji Sax ji Yàllay Israayil gis lu baax, ci waa
kër Yerbowam.
14 Aji Sax ji dina falal boppam buur bu
jiite Israayil, te kooku dina bóom waa kër
Yerbowam. Bés bi taxaw na jeeg! Ana lu
ciy topp?
15 Aji Sax ji dina faat Israayil. Dinañu
mel ni gattax guy foyfoyi cim ndox. Dina
déjjatee Israayil ci suuf su baax sii mu
joxoon seeni maam, tasaare leen ca wàllaa
dexu Efraat, ndax dañoo samp ay xer yu
ñuy jaamoo Asera, di merloo Aji Sax ji.
16 Aji Sax ji dina wacc Israayil ndax
bàkkaari Yerbowam yi mu bàkkaar te di ko
bàkkaarloo Israayil.»

* **13.34** Yàlla moo wax ne sarxalkat yi ci xeetu Aaróona lañu wara bokk.

[17] Ba loolu amee soxnas Yerbowam jóg, bàyyikoo fa, ba àgg Tirca. Naka la agsi ca bunt kër ba, xale ba dee.
[18] Ñu rob ko, Israayil gépp jooy ko, muy la Aji Sax ji waxoon, Yonent Yàlla Axya jaamam ba jottali ko.
[19] Li des ci mbiri Yerbowam, ay xareem ak na nguuram deme woon, bindees na lépp moos ca téere ba ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni jant.
[20] At ya Yerbowam falu buur, ñaar fukki at la ak ñaar. Gannaaw loolu mu saay, fekki ay maamam. Nadab doomam falu, wuutu ko.

## *Robowam falu na ca Yuda*

[21] Robowam doomu Suleymaan moo doon buurub Yuda. Ñeent fukki at ak benn la Robowam amoon ba muy falu. Fukki at ak juróom ñaar la nguuroo Yerusalem, dëkk ba Aji Sax ji tànn ci mboolem dëkki giiri Israayil, ngir dëël fa turam. Ndeyam di Naama, di ab Amoneen.
[22] Waa Yuda nag di def li Aji Sax ji ñaawlu, ba di ko fiirloo fiiraange gu raw ga ko seen maam daa fiirloo ndax seen bàkkaar.
[23] Dañoo sàkkal seen bopp ay bérebi jaamookaay, samp ay tuuri doj aki xer yu ñuy jaamoo Asera ca kaw mboolem tund wu kawe mbaa ker garab gu naat.
[24] Réew ma amoon na sax ñuy gànctu fa ñuy màggale tuur ya. Ñuy def mboolem ñaawtéefi xeet ya Aji Sax ji dàqoon ngir bànni Israayil wuutu leen.
[25] Ba Buur Robowam faloo, ba dugg ca juróomeelu atu nguuram, Sisag buuru Misra song Yerusalem.
[26] Ci kaw loolu Sisag jël alali kër Aji Sax ji ak alali kër buur. Lépp la jël ba ca mboolem pakki wurus ya Suleymaan defarlu woon.
[27] Ba mu ko defee Buur Robowam defarlu ay pakku xànjar yu wuutu yu wurus ya. Mu teg ko ca loxoy njiiti dag yay wattu buntu kër buur.
[28] Saa yu Buur dee duggsi ca kër Aji Sax ji, dag ya ŋàbb pakk ya, bu ñu noppee delloo ko ca néegu dag ya.
[29] Li des ci mbiri Robowam ak mboolem la mu def, bindees na ko moos ca téere ba ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
[30] Xare masula dakk diggante Robowam ak Yerbowam.
[31] Gannaaw gi, Buur Robowam saay, fekki ay maamam, ñu denc ko fa ay maamam ca gox ba ñu naan Kër Daawuda. Ndeyam a doon Naama, Amoneen ba. Abyam doomam moo falu buur, wuutu ko.

# 15

## *Abyam falu na ca Yuda*

[1] Ci fukkeelu at ak juróom ñett ca nguurug Yerbowam doomu Nebat, ca la Abyam falu buur ca Yuda.
[2] Ñetti at la nguuru fa Yerusalem te yaayam moo doon Maaka doomu Abisalom*.
[3] Muy roy nag baayam ca mboolem bàkkaar ya mu daan def. Te it wéetalul woon Yàllaam Aji Sax ji ni maamam Daawuda.
[4] Terewul Daawuda tax Aji Sax ji Yàllaam may ko doom ju góor ju koy wuutu ca Yerusalem, ndax askanu Daawuda baña fey, Yerusalem it mana ñoŋ.
[5] Li ko waral mooy Daawuda da daan jëfe njub lu Aji Sax ji rafetlu, te giiru dundam gépp teggiwul lenn lu ko Aji Sax ji sant lu moy ci mbirum Uri Etteen ba†.
[6] Xare masula dakk diggante waa kër Robowam ak Yerbowam giiru dundu Abyam gépp.
[7] Li des ci mbiri Abyam ak mboolem lu mu def, bindees na ko moos ca téere ba ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant. Xare it jiboon na diggante Abyam ak Yerbowam.
[8] Gannaaw gi, Buur Abyam saay, fekki ay maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu naan Kër Daawuda. Asa doomam moo falu buur, wuutu ko.

## *Asa falu na ca Yuda*

[9] Ba Buur Yerbowam faloo Israayil, ba dugg ca ñaar fukkeelu atu nguuram, ca la Asa falu buur, jiite Yuda.

* **15.2** ***Abisalom*** ak Absalom jàpp nañu ne kenn ki la.
† **15.5** Seetal ci *2.Samiyel* saar 11.

10 Ñeent fukki at ak benn la Buur Asa
nguuru ca Yerusalem. Maaka doomu
Abisalom ju jigéen moo doon maamam.
11 Asa nag di def njub gi Aji Sax ji
rafetlu, ni Daawuda maamam.
12 Dàqe na ca réew ma ñi daan gànctu fa
ñuy màggale tuur ya. Mu jële ca réew ma
kasaray tuur ya fa ay maamam defoon
yépp.
13 Maaka maamam ju jigéen sax, Asa
xañ na ko céru lingeer yaayu buur ba mu
amoon, ndax Maaka moo sàkkaloon Asera
tuur ma ab xer bu seexluwu bu ñu koy
màggale. Asa gor xeru maamam ja, lakk ko
ca xuru Sedoron.
14 Waaye bérebi jaamookaay ya, jëleesu
ko fa, doonte Asa, Aji Sax ji la wéetaloon
cib xolam, giiru dundam gépp.
15 Moo indi ca kër Aji Sax ji, jumtukaay
yu sell yu baayam ya, ak jumtukaay yu
sell yu boppam, muy xaalis ak wurus aki
ndab.
16 Xare nag masula dakk diggante Asa
ak Basa buurub Israayil seen giiru dund
gépp.
17 Ci biir loolu Basa buurub Israayil
song Yuda, daldi dàbbali dëkk ba ñuy wax
Raama‡, ba kenn du dugg jëm ca Asa
buurub Yuda mbaa muy génn.
18 Asa dajale mboolem luy xaalis ak
wurus wu desoon ca denci kër Aji Sax ji ak
denci kër buur. Mu teg ko ci loxoy
jawriñam ña. Ba mu ko defee Buur Asa
yebal leen ca buurub Siri ba ca Damaas, di
Ben Addàd doomu Tabrimon doomu
Eccon.

Asa nag ne Ben Addàd:
19 «Kóllëree dox sama digganteek yaw,
na mu doxe woon sama diggante baay ak
sa baay. Lii nag maa la ko may, muy xaalis
ak wurus. Te nga dogoo rekk ak Basa
buurub Israayil, ndax mu jóge samam
réew.»
20 Ben Addàd déggal Buur Asa, daldi
yebal njiiti gàngooram ca dëkki Israayil. Nii
la nangoo dëkk ya ñuy wax Yon ak Dan ak
Abel Bet Maaka ak diiwaanu Kineret gépp,
boole ca diiwaanu Neftali gépp.
21 Ba ko Basa déggee, Raama ga mu doon
dàbbali la bàyyi, ba dem toogi Tirca.
22 Ba loolu amee Buur Asa joxe ndigal,
woolu waa Yuda gépp, kenn desul. Ñu
yóbbu doj yaak bant ya Basa doon tabaxe
fa Raama. Buur Asa tabax ca dëkk ba ñuy
wax Geba gu giirug Beñamin, tabax ca
Mispa.
23 Li des ci mbiri Asa ak mboolem
njàmbaaram ak la mu def lépp ak dëkk ya
mu tabax, bindees na lépp moos ca téere
ba ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni
jant. Ba Asa demee ba màggat nag,
jàngoroy tànk la ame woon.
24 Gannaaw gi, mu saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu naan
Kër Daawuda maamam. Yosafat doomam
moo falu buur, wuutu ko.

## *Nadab falu na ca Israayil*

25 Ba Asa buurub Yuda duggee ca
ñaareelu atu nguuram, ca la Nadab doomu
Yerbowam falu buur, jiite Israayil. Nadab
jiite na Israayil ñaari at,
26 di jëfe lu Aji Sax ji ñaawlu, aw ci tànki
baayam, di bàkkaarloo Israayil.
27 Ci biir loolu doomu Axya ji giiroo ci
Isaakar te ñu di ko wax Basa, daldi fexeel
Nadab, jam ko ca Gibeton gu Filisteen ña.
Fekk Nadab ànd ak Israayil gépp, gaw
Gibeton.
28 Basa daldi rey Nadab, yemook ba Asa
buurub Yuda di dugg ci ñetteelu atu
nguuram. Basa falu buur, wuutu Nadab.
29 Naka la falu, daldi rey waa kër
Yerbowam gépp. Bàyyiwul kenn kuy noyyi
te bokk ci Yerbowam. Mu bóom leen, muy
la Aji Sax ji waxoon, Axya jaamam ba ca
Silo jottali.
30 Li ko waral mooy bàkkaari Yerbowam
yi mu bàkkaar te bàkkaarloo ko waa
Israayil, di merloo Aji Sax ji Yàllay Israayil,
ba feesal xolam.
31 Li des ci mbiri Nadab ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ca téere ba ñu
dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.

‡ **15.17** ***Raama:*** ma nga féete woon Yerusalem bëj-gànnaar, nekk ci diggante ñaari réew yi. Mu nekkoon ci kaw tund wu aw yoon jaar, jóge péeyu Israayil, jëm Yerusalem, péeyu Yuda.

32 Xare masula dakk diggante Asa ak
Basa buurub Israayil, seen giiru dund
gépp.

*Basa falu na ca Israayil*

33 Ba Asa buurub Yuda duggee ca
ñetteelu atu nguuram, ca la Basa doomu
Axya falu buur ca Israayil gépp, Tirca di
péeyam. Nguuru na ñaar fukki at ak ñeent.
34 Da daan def li Aji Sax ji ñaawlu, aw ci
tànki Yerbowam ak bàkkaaram ya mu daan
bàkkaarloo Israayil.

# 16

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Yewu doomu Anani, di rëbb Basa. Mu ne
ko:
2 «Damaa fekk nga maaseek pëndub suuf,
ma yékkati la, jiital la, nga yilif Israayil
sama ñoñ. Nga aw nag ci yoonu
Yerbowam, di bàkkaarloo Israayil sama
ñoñ, ba ma mer ndax seeni bàkkaar.
3 Kon dama ne, dinaa la far, yaw Basa,
yaak sa waa kër. Dinaa def sa kër mel ni
kër Yerbowam doomu Nebat.
4 Ku Basa deele ci dëkk bi, xaj yi lekk;
ku médd ca àll ba, njanaaw ya for.»
5 Li des ci mbiri Basa ak la mu def ak
njàmbaaram, bindees na lépp moos ca téere
ba ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca
seeni jant.
6 Gannaaw loolu Buur Basa saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko Tirca. Ela
doomam moo falu buur, wuutu ko.
7 Te itam ba kàddug Aji Sax ji dikkalee
Yonent Yàlla Yewu doomu Anani di rëbb
Basa ak waa këram, li ko waral mooy la
Basa def lépp, di roy waa kër Yerbowam,
Aji Sax ji ñaawlu ko ba xolam fees. Rax ci
dolli Basa rey waa kër Yerbowam.

*Ela falu na ca Israayil*

8 Ba Asa buurub Yuda duggee ca ñaar
fukkeelu atu nguuram ak juróom benn, ca
la Ela doomu Basa falu buur, jiite Israayil
diiru ñaari at, Tirca di péeyam.
9 Simri, jawriñam ba yilifoon genn-wàllu
watiiri xareem, moo ko fexeel. Booba Elaa
ngay naan ba màndi ca kër Arca, ka yor
mbiri këram ca Tirca.
10 Simri duggsi, jam ko, mu dee. Loolu
yemook ba Asa buurub Yuda di dugg ci
ñaar fukkeelu atu nguuram ak juróom
ñaar. Simri falu, wuutu ko.
11 Simri falu ba toog ci jal bi, daldi rey
mboolem waa kër Basa. Bàyyiwu ca kuy
colal; du mbokk, du xarit.
12 Simri bóom waa kër Basa gépp, muy la
Aji Sax ji waxoon, ba mu rëbbee Basa,
Yonent Yàlla Yewu jottali.
13 Li ko waral di mboolem bàkkaar yi
Basa ak doomam Ela bàkkaar te bàkkaarloo
ko Israayil, ba feesal xolu Aji Sax ji Yàllay
Israayil ndax seen tuuri neen.
14 Li des ci mbiri Ela ak mboolem lu mu
def, bindees na ko moos ca téere ba ñu
dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.

*Simri falu na ca Israayil*

15 Ba Asa buurub Yuda duggee ca ñaar
fukkeelu atu nguuram ak juróom ñaar, ca
la Simri falu. Mu nguuru diiru juróom
ñaari fan ca Tirca. Booba gàngooru xareem
Israayil a nga jógal dëkkub Filisteen ba ñuy
wax Gibeton.
16 Mbooloo ma ca dal ba dégg ñu naan:
«Simri de lalal na Buur pexe, ba rey ko.»
Israayil gépp daldi fal buur Omri ma jiite
woon gàngooru xarem Israayil. Mu moom
Israayil bésub keroog ca dal ba.
17 Omri ak Israayil gépp bàyyikoo
Gibeton, ànd gawi dëkk ba ñuy wax Tirca.
18 Ba Simri gisee ne nangu nañu dëkk ba,
daa dugg kër buur, jàll ca biir-a-biir, daldi
taal kër ga ca kawam, dee.
19 Li ko waral mooy bàkkaar yi mu
bàkkaar, di def lu bon lu Aji Sax ji ñaawlu,
aw ci tànki Yerbowam, di bàkkaarloo
Israayil.
20 Li des ci mbiri Simri ak pexe ma mu
laloon, bindees na lépp moos ca téere ba
ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.
21 Ba mu ko defee mbooloom Israayil
séddalikoo, def ñaari xaaj. Genn-wàllu
mbooloo ma topp ca gannaaw Tibni, nar
koo fal buur. Tibni nag, Ginat ay baayam.
Genn-wàll ga ca des ànd ak Omri.
22 Mbooloom Omri ëpp doole mbooloom
Tibni doomu Ginat. Tibni daldi dee, Omri
di buur.

*Omri falu na ca Israayil*

[23] Ba Asa buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak benn, ca la
Omri falu buur, jiite Israayil. Omri
nguuru na diiru fukki at ak ñaar. Def na
Tirca péeyam juróom benni at.
[24] Omri nag dem ca Semer, jënde ca
moom tundu Samari ci juróom ñaar fukki
kiloy xaalis. Omri tabax ca kaw tund wa,
dippee dëkk ba mu tabax Samari, mu
dëppook Semer, turu boroom tund wa.
[25] Teewul Omri di def lu bon lu Aji Sax ji
ñaawlu, ba gëna bàkkaar mboolem ña ko
jiitu.
[26] Daa aw ci tànki Yerbowam doomu
Nebat ci mboolem lu mu daan def ba ci
bàkkaaram bi mu daan bàkkaarloo Israayil,
di jógal xolu Aji Sax ji Yàllay Israayil ci seen
tuuri neen.
[27] Li des ci mbiri Omri aki jëfam ak
njàmbaaram, bindees na lépp moos ca téere
ba ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca
seeni jant.
[28] Buur Omri saay, fekki ay maamam,
ñu denc ko ca Samari. Axab doom ja falu
buur, wuutu ko.

## *Axab falu na Israayil*

[29] Ba Asa buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak juróom ñett,
ca la Axab doomu Omri falu, jiite Israayil.
Axab doomu Omri nguuru na Israayil ñaar
fukki at ak ñaar, Samari di péeyam.
[30] Axab doomu Omri di def li Aji Sax ji
ñaawlu, ba raw mboolem ña ko jiitu.
[31] Mu sàlloo bàkkaari Yerbowam doomu
Nebat. Loolu doyatu ko, mu jël jabar
Yesabel doomu Etbal, buurub waa Sidon
ña. Mu dem bay jaamu seen tuur mi ñuy
wax Baal, di ko sujjóotal.
[32] Mu yékkatil Baal ab sarxalukaay ca
jaamookaay ba mu ko tabaxal.
[33] Axab teg ca samplu xer wu ñuy
jaamoo Asera. Axab def na lu rawati la
mboolem buuri Israayil ya ko jiitu defoon,
ba feesal xolu Aji Sax ji Yàllay Israayil.
[34] Ca jamonoy Axab la Iyel ma dëkk
Betel tabaxaat Yeriko. Abiram taawam la
Iyel ñàkk ndax la muy tëral fondmaa tata
ya, teg ca ñàkk Segub, am caatam ba muy
taxawal bunti dëkk ba. Mu dëppook kàddug
Aji Sax ja Yosuwe doomu Nuun jottali
woon*.

# 17

## *Yonent Yàlla Ilyaas yégle na bekkoor*

[1] Ci kaw loolu Yonent Yàlla Ilyaas ma
dëkk Tisbi ga ca Galàdd, wax Axab, ne ko:
«Giñ naa ci Aji Sax ji, Kiy dund, di Yàllay
Israayil ji may jaamu: at yii nu nekk, du
taw te du lay, lu moy dama koo wax ci
sama làmmiñ.»
[2] Kàddug Aji Sax ji dikkal Ilyaas ne ko:
[3] «Jógeel fii, walbatiku jëm penku, te
làquji ca xuru Kerit ca penkub dexu
Yurdan.
[4] Su ko defee, ca ndoxum xur wa ngay
naane. Jox naa itam ndigal baaxoñ yi, ñu
di la leel foofa.»
[5] Ilyaas dem, def la Aji Sax ji wax, toogi
ca xuru Kerit ca penkub dexu Yurdan.
[6] Baaxoñ ya di ko indil mburu ak
ndawal bëccëg, mburu ak ndawal ngoon,
ndox may wal, mu di ca naan.

## *Ilyaas waar na jëtun ba*

[7] Mu am ay fan, xur wa ŋiis, ndax réew
ma tawluwul.
[8] Kàddug Aji Sax ji dikkal ko ne ko:
[9] «Demal Sarebta ga ca Sidon te toog
foofa. Ma ne, sant naa fa ab jëtun, mu may
la loo lekk.»
[10] Ilyaas dem Sarebta. Ba mu agsee ca
buntu dëkk ba, gisul lu moy ab jëtun buy
taxan. Mu woo ko ne ko: «Ngalla may ma
tuuti ndox ci njaq li, ma naan.»
[11] Mu dem di wuti ndox, Ilyaas dellu ko
woo, ne ko: «Rikk sàkkal dogu mburu,
yótaale ma.»
[12] Jëtun ba nag ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax
ji sa Yàlla jiy dund, awma mburu. Awma
lu moy barci-loxob sunguf ca njaq la ak as
diw ca tax ba. Gis nga, may for nii ñetti
bant, ngir toggi ko, nu lekk, maak sama
doom, doora dee ak xiif.»
[13] Ilyaas ne ko: «Bul ragal dara, demal
rekk, def li nga wax. Waaye jëkk ma cee
defaral mburu mu ndaw, indil ma, doora
defaral sa bopp, yaak sa doom;
[14] ndax Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax
ne: “Njaqub sunguf bi du jeex; taxub diw

* **16.34** Seetal ci *Yosuwe* 6.26.

bi it du jeex, ba keroog Aji Sax ji di taw ci
réew mi.”»
15 Jigéen ja dem, def la ko Ilyaas wax,
mook waa këram ñu bokk ak Ilyaas lekk ay
fan.
16 Njaqub sunguf ba jeexul, taxub diw
ba jeexul. Muy la Aji Sax ji waxoon, Ilyaas
jottali.

### *Ilyaas ñaanal na doomu jëtun ba*

17 Ba loolu weesoo, jigéen ja des ca kër
ga, doomam ju góor wopp. Mu mujj metti
lool, ba noyyeetul.
18 Jigéen ja ne Ilyaas: «Éy góoru Yàlla gii!
Ana lu ma séq ak yaw? Xanaa dangaa ñëw
sullisi sama bàkkaar, ba tax nga rey sama
doom ju góor jii?»
19 Ilyaas ne ko: «Jox ma sa doom!» Mu
jële ko ca loxoy jigéen ja, yóbbu ko ca néeg
ba mu dal ca kaw taax ma, tëral ko ca kaw
lalam.
20 Ba mu ko defee Ilyaas ñaan ci Aji Sax
ji, ne ko: «Éy Aji Sax ji, sama Yàlla, xanaa
doo teg jëtun bii ma dalal, naqar wu tollu
ni, di seetaan doomam ju góor muy dee?»
21 Ci kaw loolu mu tëdd, tàlli ñetti yoon ca
kaw xale bu góor ba, tey ñaan ci Aji Sax ji
naan: «Éy Aji Sax ji sama Yàlla, rikk bàyyil
bakkanu xale bii, mu délsi ci moom!»
22 Aji Sax ji nangul Ilyaas kàddug ñaanam,
bakkanu xale bu góor ba délsi ca moom,
mu dund.
23 Ilyaas fab xale ba, jële ko ca néeg ba ca
kaw taax ma, wàcce ko ca biir kër ga, jox
ko ndeyam. Mu ne ko: «Xoolal, sa doom a
ngi dund!»
24 Jigéen ja ne Ilyaas: «Léegi nag xam naa
ne nitu Yàlla nga, te kàddug Aji Sax ji ngay
waxe moos.»

# 18

### *Ilyaas daje naak surgab Buur Axab*

1 Ba ñu demee ba mu yàgg, kàddug Aji
Sax ji dikkal Ilyaas, ca ñetteelu atu maral
wa. Mu ne ko: «Demal jàkkaarlook Axab, ma
daldi taw ci kaw réew mi.»
2 Ilyaas tegu ca yoon wa, ngir
jàkkaarloojeek Axab.
Booba xiif ba metti na ca Samari.
3 Ci biir loolu Axab woolu Abdiyas ma
yor këram. Abdiyas doonoon ku ragal Aji
Sax ji lool.
4 Ndax ba Yesabel jabari Akab di rey
yonenti Aji Sax ji, Abdiyas a boole woon
téeméeri yonent, làq leen ci ñaari xunti
xeer, xunt mu nekk juróom fukk. Mu di
leen fa may lekk ak naan.
5 Axab nag ne Abdiyas: «Duggal ci biir
réew mi te seet ci bëti ndox yeek xur yépp.
Jombul nu gis ñax, ba mana rawale
bakkani fas yeek berkelle yi, ba du jar nu
di leen jekkali.»
6 Ba loolu amee ñu séddoo réew ma, ba
mu daj, Axab fii, Abdiyas fee.
7 Abdiyas di dem, Ilyaas ne pemm
dajeek moom ca yoon wa. Abdiyas
xàmmee ko, sujjóotal ko, dëpp jë ba fa suuf,
ne ko: «Kii Ilyaas a, sama sang?»
8 Mu ne ko: «Man a kay! Demal boog wax
sa sang Axab, ne ko Ilyaas a ngoog de!»
9 Abdiyas ne ko: «Ana lu ma def lu bon,
sang bi, ba nga di ma booleek Axab, mu di
ma rey?
10 Giñ naa ci Aji Sax ji, sa Yàlla jiy dund,
amul wenn xeet mbaa réew mu sama sang
Axab yónneewul, di la seet. Te bu ñu nee
nekkoo fa, mu giñloo waa réew maak xeet
wa ne gisuñu la.
11 Léegi nag nga naan ma: “Demal wax
sa sang ne ko Ilyaas a ngoog.”
12 Su ko defee su ma teqalikook yaw,
ngelawal Aji Sax ji yóbbu la fu ma xamul,
fekk ma dem wax ko Axab, te du la gis.
Kon da may rey! Moona sang bi, man de,
damaa masa ragal Aji Sax ji ba may ndaw
ba tey.
13 Moo sang bi! Xanaa waxuñu la li ma
def, ba Yesabel di rey yonenti Aji Sax ji?
Maa làq téeméeri yonenti Aji Sax ji ci ay
xunti xeer, xunt mu nekk ma làq fa juróom
fukk, di leen may lekk ak naan.
14 Léegi nga naa ma: “Demal wax sa sang
ne ko Ilyaas a ngoog!” Mu di ma rey?»
15 Ilyaas ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax ji
Boroom gàngoori xare yi, moom mi may
jaamu, tey dinaa jàkkaarloojeek Axab
moos.»

### *Ilyaas jànkoonte naak Axab*

16 Abdiyas dem ca Axab, yegge ko ko.
Axab dikk taseek Ilyaas.
17 Naka la Axab gis Ilyaas, ne ko: «Kii
yaw a, di lëmbe Israayil nii?»

18 Ilyaas ne ko: «Du maa lëmbe Israayil
de. Yaw kay la, yaak sa kër baay, ndax
yeena dëddu santaaney Aji Sax ji, di topp
tuur yi nuy wax Baal.
19 Léegi nag wooteel, Israayil gépp daje,
fekksi ma ca tundu Karmel, ñu ànd ak
ñeenti téeméeri yonenti Baal ak juróom
fukk (450) ak ñeenti téeméeri nit (400) ñuy
lekk njëlal Yesabel, te di yonenti Asera
tuur ma.»

## *Ilyaas fenqoo naak waa kër Baal*

20 Ba loolu amee Axab yónnee ca waa
Israayil gépp, woo yonent ya, ñu daje ca
tundu Karmel.
21 Ilyaas dikk jàkkaarlook mbooloo ma
mépp. Mu ne: «Yeen nag dungeen dakkal
seen ciŋiñ-caŋañ ji ngeen nekke, wet gu
nekk ngeen féete fa? Su Aji Sax ji dee Yàlla,
toppleen ko; su dee Baal, ngeen topp ko.»
Mbooloo ma ne patt.
22 Ilyaas ne mbooloo ma: «Man de maa fi
des ci yonenti Aji Sax ji, man doŋŋ, te
yonenti Baal yi ñeenti téeméer lañook
juróom fukk (450).
23 Léegi nag, indilleen nu ñaari yëkk.
Bàyyileen yonenti Baal, ñu tànn wenn yëkk
wi, def ko ay dog, teg ci kaw matt mi, bañ
koo taal. Man it dinaa defar weneen yëkk
wi, teg ci kaw matt mi, bañ koo taal.
24 Su ko defee ngeen ñaan ci seeni tuur,
man it ma ñaan ci Aji Sax ji. Su boobaa,
Yàlla ju ci wuyoo sawara, kookoo di Yàlla.»
Mbooloo ma mépp ne: «Waaw, baax na!»
25 Ci kaw loolu Ilyaas wax yonenti Baal
ya ne leen: «Tànnleen wenn yëkk te njëkka
defar, ndax yeena gëna bare. Bu ngeen
noppee, ñaanleen ci seeni tuur, waaye
buleen taal.»
26 Ñu jël yëkk wa mu leen jox, defar ko.
Ñuy yuuxu, di woo Baal suba ba digg
bëccëg, naan: «Baal, wuyu nu!» Waaye
kenn àdduwul, kenn wuyuwul. Ña ngay
ciŋiñ-caŋañi, di wër sarxalukaay ba ñu
defar.
27 Digg bëccëg jot, Ilyaas di leen ñaawal,
naan leen: «Yuuxuleen ca kaw, waay!
Mooy yàlla moos; jombul daa am lu muy
xalaat, mbaa mu jàpp, mbaa mu tukki,
mbaa xanaa muy nelaw, ñu war koo yee.»
28 Ba mu ko defee ñu gënatee yuuxu, di
dagg seen yaram aki saamar aki xeej, ni
ñu ko baaxoo, ba deret ja sang leen.
29 Digg bëccëg wees, ñu gëna ràkkaaju di
daanu leer ba saraxu ngoon jot. Waaye du
lenn lu àddu mbaa lenn lu wuyu mbaa lu
leen faale.
30 Ba mu ko defee Ilyaas wax ak
mbooloo ma mépp, ne leen: «Jegesileen fii!»
Ñépp jegesi. Mu defaraat sarxalukaayu Aji
Sax ja tasaaroo woon,
31 daldi jël fukki doj ak ñaar, mu tollook
limu giiri doomi Yanqóoba. Yanqóoba la
kàddug Aji Sax ja dikkaloon ne ko Israayil
ay doon turam.
32 Ilyaas jël doj ya, defare ab
sarxalukaay ngir Aji Sax ji, ba noppi gas
kàmb gu mana def ñaari natti pepp, kàmb
ga wër sarxalukaay ba.
33 Mu teg matt ma ba mu jekk, daggat
yëkk wa, teg ca kaw.
34 Mu ne leen: «Duyleen ñeenti njaqi
ndox, tuur ci kaw yàpp week matt mi.» Ñu
def ko. Mu ne: «Defaatleen!» Ñu defaat. Mu
ne: «Defatileen, muy ñetti yoon!» Ñu def ko,
ba muy ñetti yoon.
35 Ndox ma wal, wër sarxalukaay ba, ba
kàmb ga sax fees ak ndox.
36 Ba saraxu ngoon jotee, Yonent Yàlla
Ilyaas jegesi, ñaan ne: «Aji Sax ji, yaw Yàllay
Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba, xamleel
bésub tey jii ne yaw yaa di Yàlla ci Israayil,
ma di sab jaam bi def lii lépp ci sa ndigal.
37 Nangul ma, Aji Sax ji, rikk nangul ma,
ba mbooloo mii xam ne yaw Aji Sax ji yaa
di Yàlla te yaay delloosi seen xol ci yaw.»
38 Ba loolu amee sawaras Aji Sax ji ne
milib boole xoyom yàpp waak matt maak
doj yaak suuf sa, ba far manq ndox ma ca
kàmb ga.
39 Ba mbooloo mépp gisee loolu, dañu ne
gurub, dëpp seen jë fa suuf, daldi ne: «Aji
Sax jeey Yàlla! Aji Sax ji kay mooy Yàlla!»
40 Ilyaas ne leen: «Jàppleen yonenti Baal
yii. Bu kenn ci ñoom rëcc.» Ñu jàpp leen,
Ilyaas yóbbu leen ba ca xuru Kison, rendi
leen foofa.
41 Gannaaw loolu Ilyaas ne Axab: «Doxal
lekki te naan, ndax taw bu réy a ngi riir di
ñëw.»

42 Axab dem, lekk, daldi naan. Ilyaas
moom yéegi ba ca kaw tundu Karmel,
sukk, dëpp jëëm ca diggante bëti óomam.
43 Mu ne surgaam: «Laggal séentuji wetu
géej.» Surga ba séentuji, dikk, ne ko: «Dara
newu fa.» Ilyaas ne ko mu dellu xool ba
muy juróom ñaari yoon.
44 Juróom ñaareelu yoon ba, surga ba ne:
«Lee de niir la wu tuut, tollu ni loxol nit,
jóge géej.» Ilyaas ne ko: «Demal ne Axab,
mu takk watiiram te dem, bala koo taw
bee ub.»
45 Nes tuut asamaan ñuul kukk aki
xàmbaar, ngelaw la jóg, taw ba sóob ak
doole. Ci biir loolu Axab dawal watiiram,
jëm Yisreel.
46 Aji Sax ji nag dooleel Ilyaas. Mu takk
ndigg la, daw jiitu Axab ba ca buntu
Yisreel.

# 19

## *Ilyaas gedd na*

1 Gannaaw gi, Axab nettali Yesabel la
Ilyaas def lépp ak na mu rendee saamar
mboolem yonent ya.
2 Yesabel yónnee Ilyaas ndaw, ne ko: «Yal
na ma yàlla yi teg mbugal mu gëna réy,
ndegam nëgëni ëllëg jëluma sa bakkan, ni
nga jële bakkani yonent yii.»
3 Ilyaas gis na mu deme, daldi daw, ngir
rawale bakkanam. Mu dem ba Beerseba
ca réewum Yuda, bàyyi fa surgaam.
4 Moom ci boppam mu topp màndiŋ ma
lu tollook doxub benn bés, doora toog ci
taatu benn gajj. Ma ngay ñaan dee, naan:
«Doy na sëkk, Aji Sax ji, jëlal sama bakkan
rekk, ndax man kat gënuma samay
maam.»
5 Mu tëdd, ay nelaw jàpp ko ca taatu gajj
ba. Yégul lu moy am malaaka mu ko laal,
ne ko: «Jógal lekk!»
6 Ilyaas ne xiféet, yem ci mburu mu ñu
lakke doj yu tàng ak njaqub ndox. Mu
lekk, daldi naan, ba noppi tëddaat.
7 Malaakam Aji Sax ja dellu ñëw, laal ko,
ne ko: «Jógal lekk, lu ko moy doo àttan
yoon wi.»
8 Ilyaas jóg lekk, daldi naan, leqaliku, ba
dox ñeent fukki guddi ak ñeent fukki
bëccëg, ba ca Xoreb, tundu Yàlla wa.
9 Mu dugg foofa ca biir xunt ma, fanaan
fa.

## *Aji Sax ji yónniwaat na Ilyaas*

Ci biir loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Ilyaas, ne ko: «Ana looy def fii, Ilyaas?»
10 Ilyaas ne: «Man kat damaa xéroon a
xér ci yaw Aji Sax ji Boroom gàngoori xare
yi. Waaw, bànni Israayil dañoo fecci sa
kóllëreek ñoom; say sarxalukaay, ñu màbb;
say yonent, ñu jam saamar. Ma des man
doŋŋ, ñuy wuta jël sama bakkan nii!»
11 Aji Sax ji ne ko: «Génnal taxaw ci kaw
tund wi, fi sama kanam, ndax kat man Aji
Sax ji maa ngi waaja romb.» Ci kaw loolu
ngelaw lu réy te bare doole jiitu Aji Sax ji,
xar tund ya, rajaxe doj ya, waaye Aji Sax ji
nekkul ca ngelaw la. Ngelaw la dal, suuf
sa yëngu, waaye Aji Sax ji nekkul ca
yëngu-yëngu suuf ba.
12 Suuf sa dal, sawara dikk, waaye Aji
Sax ja nekkul ca sawara wa. Sawara wa
dal, ndéey lu suufe topp ca.
13 Ilyaas dégg ca, muuroo mbubbam,
génn taxaw ca buntu xunt ma; déggul lu
moy baat bu ko ne: «Ana looy def fii,
Ilyaas?»
14 Mu ne: «Man kat damaa xéroon a xér ci
yaw Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi.
Waaw, bànni Israayil dañoo fecci sa
kóllëreek ñoom; say sarxalukaay, ñu màbb;
say yonent, ñu jam saamar. Ma des man
doŋŋ, ñuy wuta jël sama bakkan nii!»
15 Aji Sax ji ne ko: «Dellul topp say tànk te
jaare ci màndiŋ mi ba Damaas. Boo àggee,
nanga diw Asayel, fale ko ko buurub Siri.
16 Yewu ma baayam di Nimsi it, diw ko,
fal ko buurub Israayil; te Alyaasa, ma
baayam di Safat, dëkk diiwaanu Abel
Mewola, nanga ko diw, fal ko, muy
yonent, wuutu la.
17 Su ko defee ku Asayel reyul ba nga
raw, Yewu rey la; ku Yewu reyul ba nga
raw, Alyaasa rey la.
18 Waaye dinaa déeg ci biir Israayil
juróom ñaari junniy (7 000) nit, di mboolem
ñi sujjóotaluloon Baal te masuñu koo fóon.»

## *Ilyaas am na bëkk-néeg*

19 Ilyaas bàyyikoo fa, fekk Alyaasa
doomu Safat, Alyaasa di gàbb ak ñaar fukki

nag ak ñeent yu ko jiitu, ñu likke leen
ñaar-ñaar, moom ci boppam mu jiital
fukkeelu likke baak ñaar. Ilyaas dikk ba ca
moom, sànni mbubbam ca kaw Alyaasa.
20 Alyaasa bàyyikoo ca nagam ya, daw
topp ca Ilyaas, ne ko: «Ngalla may ma, ma
tàgguji sama ndey ak sama baay te topp
la.» Ilyaas ne ko: «Doxal dellu; lu ma la
def?»
21 Alyaasa bàyyi fa Ilyaas, dellu jël ñaari
nag, rendi ko sarax, jël banti ràngaay ya,
togge yàpp wa, jox ko mbooloo ma, ñu
lekk, ba noppi Alyaasa topp ci gannaaw
Ilyaas, di bëkk-néegam.

# 20

## *Siri song na Samari*

1 Fekk na Ben Addàd buurub Siri woo
gàngooru xareem mépp, ñu daje, ànd ak
fanweeri buur ak ñaar yu mu faral, ñook
seeni fas ak seeni watiir. Ñu dem song
Samari, gaw ko.
2 Ci kaw loolu Ben Addàd yónni ay ndaw
ca biir dëkk ba ca Axab buurub Israayil.
3 Ñu ne ko: «Ben Addàd dafa wax ne: “Sa
xaalis ak sa wurus, maay boroom. Say
jabar it, ak ñi gëna dëgër ci say doom,
maay boroom.”»
4 Buurub Israayil ne ko: «Loo wax rekk,
Buur sang bi, maak lépp lu ma moom yaay
boroom.»
5 Ndaw ya dikkaat ne ko: «Ben Addàd
dafa wax ne: “Maa yónnee woon ci yaw, di
sàkku nga jox ma sa xaalis ak sa wurus ak
say jabar ak say doom yu góor.
6 Waaye nëgëni ëllëg sax dinaa yónni
samay jawriñ ci yaw, ñu seet ci sa biir kër
ak say kër jawriñ. Mboolem luy sa alal
dinañu ci teg loxo, nangu ko, yóbbu.”»
7 Buurub Israayil nag woolu magi réew
ma mépp, ne leen: «Bu yeboo ngeen xam
ne waa jii kat fitna lay wut; gis ngeen mu
yeble ci man, bëgga nangu samay jabar ak
sama doom yu góor ak sama xaalis ak
sama wurus, te bañaluma ko ci dara.»
8 Mag ñaak mbooloo ma mépp ne ko: «Bu
ko déglu te bul nangu!»
9 Axab ne ndawi Ben Addàd ya: «Waxleen
Buur, sama sang, ne ko: “Sa jaam ba nee
mboolem la nga njëkkoona yónnee di ko
sàkku dina ko def. Waaye lii nga mujja laaj
moom, du ko def.”» Ndaw ya dem jottali
tontam.
10 Ben Addàd dellu yeble ca moom ne
ko: «Yal na ma yàlla yi teg mbugal mu gëna
tar, ndegam duma tas Samari, ba pëndu
tabax du fi des buy fees loxoy mboolem ñi
ma topp.»
11 Buurub Israayil ne: «Waxleen ko ne ko:
“Jóge xare, di bàkku
moo gën jëm xare, di bàkku.”»
12 Ba Ben Addàd di jot ca kàddu googu,
ma ngay naan, mook buur ya far ak
moom ca mbaar ya. Mu jox ay nitam
ndigal ne leen: «Takkuleen!» Ñu takku, ngir
songi dëkk ba.
13 Ndeke ci biir loolu ab yonent dem na
ca Axab buurub Israayil, ne ko: «Aji Sax ji
dafa wax ne: Gis nga gàngooru xare gii
gépp ak li ñuy bare lépp, xamal ne teg naa
leen ci sa loxo bésub tey, ndax nga xam ne
maay Aji Sax ji.»
14 Axab ne ko: «Ku may defal loolu?» Mu
ne ko: «Aji Sax ji nee: Dag yi kilifay
diiwaan yi yebal lay doon.» Axab ne ko:
«Kuy sooke xare bi?» Mu ne ko: «Xanaa
yaw.»

## *Israayil daan na Siri*

15 Ba mu ko defee Axab lim dag ya
kilifay diiwaan ya yebal, ñuy ñaari téeméer
ak fanweer ak ñaar (232). Gannaaw loolu
mu lim mbooloom Israayil gépp, ñuy
juróom ñaari junni (7 000).
16 Ñu génn digg bëccëg, fekk Ben Addàd a
ngay màndi mook fanweeri buur ak ñaar
ya mu faral, ca mbaar ya.
17 Dag ya kilifay diiwaan ya yebal a nga
jiitu. Ci biir loolu Ben Addàd yónnee, ñu
wax ko ne ko: «Am na ñu jóge Samari, di
ñëw.»
18 Mu ne: «Su leen jàmm taxee jóg,
jàppleen leen, ñuy dund; su leen xare taxee
jóg it, jàppleen leen, ñuy dund.»
19 Ba mu ko defee dagi kilifay diiwaan
ya génne ca dëkk ba, gàngooru xare ga topp
ca seen gannaaw.
20 Ku nekk jam noon ba nga janool, waa
Siri daw, Israayil topp leen. Ben Addàd
buurub Siri nag war fas, daw mooki
gawaram.

21 Buurub Israayil nag song leen, rey fas
ya, yàq watiir ya, daan waa Siri jéll bu réy.
22 Yonent ba dikk ca buurub Israayil ne
ko: «Nanga dëgërluwaat te xam ni nga wara
def, ndax nëgëni déwén buurub Siri dina la
songaat.»

### *Siri songati na Israayil*

23 Ba loolu amee kàngami buurub Siri
digal buurub Siri ci wàllu Israayil, ne ko:
«Ñii, seeni yàlla yàllay tund lañu; moo tax
ñu ëpp nu doole, waaye su nu xeexeek
ñoom ci joor gi déy, su boobaa noo leen di
ëpp doole.
24 Defal nii: follil buur yi ci sa gannaaw
yépp, jële leen fa ñu jiite, teg fa jawriñ yu
leen wuutu.
25 Te yaw nga sosaat gàngooru xare gu
mel ni ga nga amoon, fas ak fas, watiir ak
watiir, ndax nu mana xareek ñoom ci joor
gi. Su boobaa déy, noo leen di ëpp doole.»
Mu déggal leen, def noona.
26 Ca déwén sa Ben Addàd lim waa Siri,
daldi dem Afeg ca xare baak Israayil.
27 Waa Israayil daje, sàkk ab dund, ba
noppi dox wuti leen. Waa Israayil a nga
dal janook ñoom, di saf ñaari gétti bëy. Waa
Siri ñoom fees àll ba.
28 Góoru Yàlla ga dikk ne buurub
Israayil: «Aji Sax ji dafa wax ne: Gannaaw
waa Siri dañoo yaakaar ne man Aji Sax ji,
yàllay tund laa, duma yàllay xur, maay teg
mbooloo mu réy mii mépp ci say loxo. Su
ko defee ngeen xam ne maay Aji Sax ji.»
29 Diiru juróom ñaari fan nag ñu
jàkkaarloo ca seeni dal. Bésub juróom
ñaareel ba xare ba jib, waa Israayil daane
téeméeri junniy (100 000) xarekat yu warul
fas ca waa Siri ci benn bés bi;
30 ña ca des daw ba Afeg, ca biir dëkk ba,
tata ja màbb ca kaw ñaar fukki junniy nit
ak juróom ñaar (27 000) ca ñoom. Fekk na
Ben Addàd daw dugg ca biir dëkk ba, jàll ci
biir néeg bu làqoo làqu.
31 Ay jawriñam ne ko: «Waaw, nun de
dégg nanu ñu naan buuri Israayil buur yu
gore lañu. Tee noo sol ay saaku, tañlaayoo
buum, toroxloo ko, te dem ca buurub
Israayil? Jombul mu bàyyi la, nga dund.»
32 Ñu teraxlaayoo ay saaku, tañlaayoo ay
buum, dem ca buurub Israayil, ne ko: «Ben
Addàd sa jaam ba nee, nga baal ko ngalla
te bàyyi ko mu dund.» Mu ne: «Ndeke mu
ngi dund ba tey? Moom sama mbokk a!»
33 Ndaw ya am njort lu rafet nag. Ñu
gaaw naa: «Ben Addàd kay sa mbokk a!»
Mu ne leen ñu dem indi ko. Ba Ben Addàd
dikkee ba ca moom, mu waral ko ca
watiiram.
34 Ben Addàd ne Axab: «Dëkk yi sama
baay nangoo woon ci sa baay dinaa la ko
delloo, te boo yeboo sàkkal sa bopp ay
bérebi njaay ca Damaas, na sama baay def
ca Samari.» Axab ne ko: «Man nag damay
fasanteek yaw kóllëre ci loolu, bàyyi la nga
dem.» Ba loolu amee mu fasanteek moom
kóllëre, bàyyi ko mu dem.

### *Ab yonent sikk na Axab*

35 Ci biir loolu kenn ca kuréelu yonent
ya wax moroom ma ci ndigalal Aji Sax ji,
ne ko: «Ayca, jam ma!» Waa ja lànk, ne du
ko jam.
36 Mu ne ko: «Gannaaw nanguwuloo
déggal Aji Sax ji, dama ne, booy teqalikook
man, gaynde fàdd la.» Naka la teqalikook
moom, gaynde dajeek moom, fàdd ko.
37 Waa ja gisaat keneen ca ñoom ne ko:
«Ayca, jam ma!» Kooka jam ko bu baax, ba
gaañ ko.
38 Yonent ba dem, taxaw ca yoon wa,
soppi colam, fab kaala, takke bët ya, di
xaar Buur.
39 Buur romb, mu woo ko, ne ko: «Man
de sang bi, damaa gaañu ci digg xare, nit
dikk, indil ma keneen, ne ma: “Xoolal ma
kii, su rëccee, sa bakkan ay fey bakkanam,
mbaa nga feye ko fanweeri kiloy xaalis.”
40 Waaye man damaa fekk ma jàpp wet
gu nekk, waa ja nag rëcc.» Buurub Israayil
ne ko: «Sab àttee ngoog, yaa ko waxal sa
bopp.»
41 Ci kaw loolu yonent ba ne muret
kaala ga mu takkoon ca bët ya; buurub
Israayil xàmmee ko, xam ne ci yonent yi la.
42 Mu ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne:
Gannaaw yaa bàyyi ku ma aayaloon
bakkanam, sa bakkan mooy fey
bakkanam te say bokk ay fey bokkam.»
43 Ba loolu amee buurub Israayil mer,
ne fóññ, daldi ñibbi këram ca Samari.

# 21

## *Buur Axab tooñ na Nabot*

1 Gannaaw ba loolu wéyee mu am lu
xew, di mbirum toolu reseñu Nabot, waa
ju dëkk Yisreel. Nabot daa amoon tool ca
Yisreel, ca wetu kër Axab buurub Samari.
2 Axab ne Nabot: «Jox ma sa toolub
reseñ bi, ma def kob tóokër, ndax jege na
sama kër. Dinaa la ko wecci toolub reseñ
bu ko gën, walla su la gënalee ma delloo la
njëgam ci xaalis.»
3 Nabot tudd Aji Sax ji, ne Axab: «Yàlla
tere ma di la jox sama suufas maam!»
4 Axab ñibbi këram, mer, ne fóññ ndax la
ko Nabot waa Yisreel ba wax, ne ko du ko
jox suufas maamam. Mu tëdd ca lalam,
gedd, baña lekk.
5 Soxnaam Yesabel dikk ne ko: «Lu la tax
ne fóññ nii? Lu la teree lekk?»
6 Axab ne ko: «Damaa wax ak Nabot waa
Yisreel bi, ne ko mu jaay ma toolub
reseñam, ma fey ko xaalis mbaa su ko
neexee ma wecci ko ko beneen toolub
reseñ. Mu ne ma du ma jox toolub
reseñam.»
7 Yesabel ne ko: «Xanaa du yaay buurub
Israayil? Jógal lekk waay te bégal sa xol.
Man maa lay jox toolu reseñu Nabot.»
8 Ci kaw loolu Yesabel bind ay bataaxal
ci turu Axab, def ci màndarga torlub Axab.
Mu yónnee bataaxal ya ca mag ñaak gor ña
ca dëkkub Nabot.
9 Mu bind ca bataaxal ya ne: «Yéeneleen
koor*, beral Nabot jataay ci kanam
mbooloo mi,
10 te teg ñaari nit ñu tekkiwul dara, ñu
janook moom. Na ñooñu duural Nabot ne
ko: “Saaga nga Yàlla, saaga Buur.” Su ko
defee ngeen génne ko dëkk ba, dóor ko ay
doj ba mu dee.»
11 Ba mu ko defee waa dëkkub Nabot,
mag ñaak gor ña daldi def la Yesabel
santaane te bind ko ca bataaxal ya mu
leen yónnee.
12 Ñu yéene koor, beral Nabot jataay ca
kanam mbooloo ma.
13 Ñaari nit ñu tekkiwul dara dikk toog
janook moom. Ñu duural ko ca kanam
mbooloo ma, ne Nabot daa saaga Yàlla,
saaga Buur. Ñu génne Nabot dëkk ba, dóor
ko ay doj ba mu dee.
14 Ñu yónnee nag ca Yesabel ne ko dóor
nañu Nabot ay doj ba mu dee.
15 Yesabel dégg ca, ne Axab: «Jógal
nanguji toolu reseñu Nabot waa Yisreel bi.
Moo la ko bañoona jaaye xaalis, waaye
dundatul, dee na.»
16 Axab dégg ca, daldi jubal toolu reseñu
Nabot waa Yisreel ba, nangu ko.

## *Aji Sax ji dogal na mbugalu Axab*

17 Ci biir loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Ilyaas ma dëkk Tisbi, ne ko:
18 «Demal taseek Axab buurub Israayil
ba ca Samari. Ma nga nee ca toolu reseñu
Nabot ba mu nanguji.
19 Wax ko ne ko: “Aji Sax ji dafa wax ne:
Du dangaa rey nit, ba nangu alalam?” Nga
teg ca ne ko: “Aji Sax ji dafa wax ne: Fa xaj
ya xabe deretu Nabot, ay xaj dina fa xabe
sa deret, yaw itam.”»
20 Axab ne Ilyaas: «Ãa, noon bi, gisati
nga ma?» Ilyaas ne ko: «Gis naa la, ndax
dangaa dogu ci def lu bon lu Aji Sax ji
ñaawlu.
21 Aji Sax ji nee na: Dama ne, dinaa
wàcce lu bon ci sa kaw, fàllas say sët, ba
bóom ci digg Israayil képp kuy colal, te
bokk ci yaw Axab, muy gor, di jaam.
22 Dinaa def sa kër mel ni kër Yerbowam
doomu Nebat mbaa kër Basa doomu Axya,
ndax merloo nga ma te bàkkaarloo nga
Israayil.
23 Te itam Aji Sax ji wax na ci mbirum
Yesabel ne: Ay xaj dina lekk Yesabel ca
wetu tatay Yisreel.
24 Ku Axab deele ci dëkk bi, xaj yi lekk;
ku ci médde àll, njanaaw ya for.»
25 Axab dafa dogu woon ci def lu bon lu
Aji Sax ji ñaawlu, ba amu ci moroom moos,
te jabaram Yesabel di ko ci xabtal.
26 Axab daan na def ñaawtéef ju réy, di
topp ay kasaray tuur, di def mboolem lu
doon baaxu Amoreen ña Aji Sax ji dàqoon
ngir bànni Israayil.
27 Ba Axab déggee kàddu yooyu, daa xotti
ay yéreem, di woor, sol ay saaku, tëddaale
ko, di temp ndànk, ngir toroxlu.

* **21.9** ***koor*** googu dafa mel ni tuub ak toroxlu lañu ci jublu.

28 Ci biir loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Ilyaas waa Tisbi ba, ne ko:
29 «Gis nga ni Axab toroxloo fi sama
kanam? Gannaaw toroxlu na nii ci sama
kanam, duma wàcce lu bon cig dundam.
Ci jamonoy doomam ju góor laay wàcce lu
bon ci waa këram.»

# 22

*Axab songati na Siri*

1 Gannaaw loolu toog nañu ñetti at yu
xare amul diggante Siri ak Israayil.
2 Ca ñetteelu at ma, Yosafat buurub Yuda
dikk ca buurub Israayil.
3 Fekk buurub Israayil wax aki jawriñam
ne leen: «Xanaa xamuleen ne Ramot ga ca
Galàdd noo ko moom? Te jéemunoo def
dara, ba nangu ko ci loxol buurub Siri!»
4 Mu ne Yosafat: «Xanaa dinga ànd ak
man ca xareb Ramot ga ca Galàdd?»
Yosafat ne buurub Israayil: «Maa ngii, yaa
ngii, samay nit ay say nit, te samay fas ay
say fas.»
5 Yosafat teg ca ne buurub Israayil:
«Njëkkala seet lu ci Aji Sax ji wax.»
6 Buurub Israayil nag woo yonent yi, ñu
daje, xawa tollook ñeenti téeméer (400).
Mu laaj leen ne leen: «Ndax ma songi xare
Ramot ga ca Galàdd, am ma bàyyi?» Ñu ne
ko: «Demal, ndax Boroom bi moo leen di
teg ci sa loxo.»
7 Yosafat dellu ne: «Xanaa beneen
yonentu Aji Sax ji da fee amatul, ba ñu
mana seetlujeeti fa moom?»
8 Buurub Israayil ne Yosafat: «Am na ba
tey genn góor gu ñu mana seetal ci Aji Sax
ji. Waaye man maa ko jéppi, ndax du
jottali kàdduy waxyu yu baax ci man, lu
bon rekk lay wax; mooy Mise doomu
Yimla.» Yosafat ne ko: «Buur, bul waxe
noonu.»
9 Buurub Israayil daldi woo ab jawriñam
ne ko: «Demal indil ma gaaw Mise doomu
Yimla.»
10 Buurub Israayil ak Yosafat buurub
Yuda nag, ña nga toog, ku ci nekk ci
ngànguneem. Ña nga solu ba jekk ca dàgga
ja ca buntu Samari. Yonent yépp janook
ñoom di biral ay kàdduy waxyu.
11 Cedesyas doomu Kenaana, ma woon
ci seen biir, fekk na mu defarlu ay béjjéni
weñ. Ma nga naan: «Aji Sax ji dafa wax ne:
“Yii ngay jame waa Siri, ba jeexal leen.”»
12 Mboolem yonent ya ca des nag di
waxe genn kàddug waxyu googu, naan:
«Buur, songal Ramot ga ca Galàdd te jël
ndam li, ndax Aji Sax ji moo leen teg ci say
loxo.»

*Mise yégle na jéllub Axab*

13 Ci kaw loolu ndaw la woowi Mise,
dem ne ko: «Dama ne, kàddug yonent ya
genn la, muy jàmmu Buur. Kon nag, na sa
kàddu ànd ak seen kàddu di genn, te nga
wax jàmm.»
14 Mise ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax ji, Kiy
dund, li ma Aji Sax ji wax rekk laay wax.»
15 Ba Mise dikkee ba ca Buur, Buur ne
ko: «Mise, ndax nu songi xare Ramot ga ca
Galàdd, am nu bàyyi?» Mu ne ko: «Buur
songal, daanéey, Aji Sax jee koy teg ci sa
loxoo waay!»
16 Buur nag ne ko: «Ñaata yoon laa lay
giñloo ne la bu ma wax lu moy dëgg ci turu
Aji Sax ji?»
17 Mise ne ko:
«Israayil gépp laa gis ñu tasaaroo ca tund
ya,
mbete xar yu amul sàmm.
Aji Sax ji ne: “Ñii de amuñu boroom.
Na ku nekk ci ñoom ñibbi këram ci jàmm.”»
18 Buurub Israayil nag ne Yosafat:
«Waxuma la woon ne du jottali kàdduy
waxyu yu baax ci man, xanaa lu bon
rekk?»
19 Mise teg ca ne ko: «Kon nag déglul
kàddug Aji Sax ji. Aji Sax ji laa gis, mu toog
ci ngànguneem, mboolem gàngooru
asamaan a nga taxaw ndijooram ba
càmmoñam.
20 Aji Sax ji nag ne: “Ana kuy nax Axab,
mu songi Ramot ga ca Galàdd, ba daanu
ca?” Kii ne nii, kee ne nee.
21 Kenn ci gàngoor ga dikk, taxaw fa
kanam Aji Sax ji. Mu ne: “Man maa koy
nax.” Aji Sax ji ne ko: “Nan?”
22 Mu ne: “Maay dikk, doon leer guy
safaan dëgg ci làmmiñu yonentam yépp.”
Mu ne ko: “Yaa koy nax, te man nga ko.
Demal defe noonu.”
23 Looloo waral lii. Aji Sax ji moo def
leer guy safaan dëgg ci sa làmmiñu yonent

yii yépp, te Aji Sax ji moo tudd musiba ci sa
kaw.»
24 Ba loolu amee Cedesyas doomu
Kenaana talaata Mise, ne ko: «Ana wan
yoon la leerug waxyu gu Aji Sax ji jaare,
ba jóge ci man di wax ak yaw?»
25 Mise ne ko: «Yaw mii yaa koy gisal sa
bopp, keroog ba ngay dugg néegoo néeg, di
làqtu.»
26 Buurub Israayil ne ab surgaam:
«Jàppal Mise, yóbbu ko ca Amon boroom
dëkk bi ak ca Yowas doomu Buur*.
27 Nga ne ko: "Buur dafa wax ne:
Dugalleen kii kaso, di ko jox lekk gu néew
ak ndox mu néew, ba keroog may dikk ak
jàmm."»
28 Mise ne: «Soo délseek jàmm déy, Aji Sax
ji waxul, ma jottali.» Mu dellu ne:
«Mbooloo mi, yeena ko déggandoo, yeen
ñépp.»

## *Axab song na Ramot*

29 Ba mu ko defee buurub Israayil ànd
ak Yosafat buurub Yuda, ñu dem songi
Ramot ga ca Galàdd.
30 Buurub Israayil nag ne Yosafat:
«Damay soppi col, dugg ci xeex bi, waaye
yaw solal sa mbubbam buur.» Buurub
Israayil soppig col, dugg ca xeex ba.
31 Fekk na buurub Siri jox ndigal
fanweeri nitam ak ñaar, ñay jiite watiiri
xare ya. Mu ne leen: «Buleen xeex ak kenn,
du ku tuut, du ku réy, diirleen buurub
Israayil, moom rekk.»
32 Ba loolu amee, ña jiite watiiri xare ya
gis Yosafat, daldi ne: «Kii kay mooy
buurub Israayil!» Ñu walbatiku ci kawam,
ngir song ko. Yosafat nag àddu ca kaw,
33 njiiti watiir ya xam ne du buurub
Israayil, ñu walbatikuwaat, bàyyi ko.
34 Ci biir loolu mu am ku soqi ag fitt te
teyu ko, mu dal buurub Israayil ci
diggante ñaari wàlli pakk bi mu sol. Mu ne
dawalkatu watiiram: «Waññikul, génne ma
ci xeex bi, gaañu naa!»
35 Naka la xare ba tàkkarnaase bésub
keroog bépp, ñu téye buur ba ca biir watiir
wa, mu janook waa Siri, ba ca ngoon sa,
mu doora dee. Jam-jam baa nga nàcc, ba
taa ca biir watiir ba.
36 Jant baa ngay xalambaayu, yéene jib,
ba dajal mbooloo ma. Ña nga naan: «Na ku
nekk ñibbi sa dëkk, ca sam réew!»
37 Buur ba nag saay, ñu yóbbu ko Samari,
denc ko foofa.
38 Ba ñuy raxas watiir ba ca déeg ba ñuy
wax Samari, xaj ya di xab deret ja, gànc ya
di sangu ca ndoxum déeg ma, muy la Aji
Sax ji waxoon†.
39 Li des ci mbiri Axab ak mboolem lu
mu def ak kër ga mu tabax, rafetale ko
yaxu bëñi ñey, ak mboolem dëkk ya mu
tabax, loolu lépp, bindees na ko moos ca
téere ba ñu dippee Jaloorey buuri Israayil
ca seeni jant.
40 Buur Axab nag saay, fekki ay
maamam, doomam Axasya falu buur,
wuutu ko.

## *Yosafat falu na Yuda*

41 Axab moomu, ba mu faloo Israayil, ba
dugg ca ñeenteelu atu nguuram, ca la
Yosafat doomu Asa falu buur ca Yuda.
42 Yosafat amoon na fanweeri at ak
juróom, ba muy falu te ñaar fukki at ak
juróom la nguuru ca Yerusalem. Yaayam
moo doon Asuba, doomu Silxi.
43 Yosafat ci tànki baayam Asa la aw,
jàddul fenn, xanaa di def njub lu Aji Sax ji
rafetlu.
44 Terewul bérebi jaamookaay ya jëleesu
ko fa. Mbooloo ma dañoo wéy di fa def ay
sarax aka taal cuuraay.
45 Yosafat séqoon na nag ak buurub
Israayil jàmm.
46 Li des ci mbiri Yosafat ak njàmbaaram
aki xareem, bindees na lépp moos ca téere
ba ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni
jant.
47 La desoon ca ñay gànctu ca
jaamookaayi tuur ya fa desoon ca
jamonoy baayam Asa, ba booba, Yosafat
da leena jële ca réew ma.
48 Booba réewum Edom amuloon buur.
Ab jawriñ lañu fa daan tabb.
49 Yosafat defaroon na ay gaal yu mag
yu mu deme réewum Ofir, di wuti wurus.

* **22.26 *doomu Buur*** daa nañu ko woowe ndawal buur lu sasoo lenn ci liggéeyu ëttu buur bi. † **22.38** Seetal ci 21.19.

Waaye sottiwul, ndax gaal yaa nga yàqoo
ca Eccon Geber.
50 Booba la Axasya doomu Axab wax
Yosafat ne ko: «Tee ngaa may samay nit,
ñu ànd ak say nit ci gaal yi?» Yosafat lànk.
51 Gannaaw gi, Buur Yosafat saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko fa ñu denc ay
maamam ca gox ba ñu naan Kër Daawuda
maamam. Yexoram doomam moo falu
buur, wuutu ko.

*Axasya falu na Israayil*

52 Yosafat moomu, ba mu faloo Yuda, ba
dugg ca fukkeelu atu nguuram ak juróom
ñaar, ca la Axasya doomu Axab falu buur
ca Israayil, Samari di péeyam. Axasya
nguuru na Israayil ñaari at.
53 Da daan def lu bon, lu Aji Sax ji
ñaawlu, topp tànki ndeyam ak baayam ak
tànki Yerbowam doomu Nebat ma doon
bàkkaarloo Israayil.
54 Axasya jaamu na Baal, tuur ma, di ko
sujjóotal, ba merloo Aji Sax ji Yàllay
Israayil, muy mboolem la baayam daa def.

# 2.Buur ya
## di téereb ñaareel bi

Li ëpp ci buur yi ñu lim ci ñaareelu téereb *Buur ya*, li gëna yomb doŋŋ lañu def: ànd ak seen jamono, topp yoonu mbon gu leen yóbbaale. Xeex googu mbon gu law nag taxoon na yonent yi di artu buur ak baadoolo ci li bàkkaar di jur. Njubadi mujj ëpp askan wi doole, njeexital li di ñaari safaan yu dal ci kaw Israayil. Atum 722 lu jiitu Almasi bi, gàngoori Asiri song nañu nguurug Israayil ga féete woon bëj-gànnaar, yàqate ko. Atum 586 lu jiitu Almasi bi la waa Babilon tas nguurug Yuda ga féete woon bëj-saalum.

Ci tënk:

- 1.1—2.11 Liggéeyu Yonent Yàlla Ilyaas sotti na.
- 2.12—8.15 Lu jëm ci liggéeyu Yonent Yàlla Alyaasa.
- 8.16—17.41 Lu jëm ci buuri Israayil ak Yuda ba ci jéllub Israayil.
- 18.1—25.30 Lu jëm ci nguurug Yuda ba ci jéllub Yerusalem.

### *Yonent Yàlla Ilyaas yar na Buur Axasya*

1-2 Ba Axab buurub Israayil saayee
yàggul dara, Mowabeen ña dañoo fippu,
jógal doomam Buur Axasya.

Mu am bés Axasya tollu biir néegam ca kaw taaxum këram ga ca Samari, daldi xàwweekoo ca palanteer ba, daanu ba gaañu lool. Gannaaw gi, mu yónni ay ndaw, ne «Demleen seetal ma ca Baal Sebub, tuuru Ekkron, ba xam ndax dinaa dund gannaaw jéll bii ma daanu.»

3 Ci biir loolu malaakam Aji Sax ji wax
Ilyaas, ma cosaanoo Tisbi, ne ko: «Demal
gaaw dajeek ndawi buurub Samari te laaj
leen ne leen: “Xanaa Yàlla daa amul ci
Israayil, ba ngeen di seeti ca Baal Sebub,
tuuru Ekkron?”
4 Loolu tax na Aji Sax ji wax buurub
Israayil ne ko: “Lal bi nga tëdd doo ko
wàcc, ndax dinga dee moos.”» Ci kaw
loolu Ilyaas dem.
5 Ba ndaw ya wañññikoo, Buur Axasya ne
leen: «Lu leen wañññi?»
6 Ñu ne ko genn góor a leen dogale, ne
leen ñu dellu ci buur bi leen yónni, te wax
ko ne ko: «Aji Sax ji nee: Ndax Yàlla daa
amul Israayil ba ngay yónnee di seetluji ca
Baal Sebub, tuuru Ekkron? Loolu tax na
lal bi nga tëdd doo ko wàcc, ndax dinga dee
moos.»
7 Mu ne leen: «Waaw, góor gi leen dogale,
wax leen loolu, nu mu mel?»
8 Ñu ne ko: «Góor ga boroom kawar la te
ngembal der la gemboo.» Axasya ne:
«Kooku Ilyaas mu Tisbi la.»
9 Ba mu ko defee Axasya yebal njiitu
juróom fukki dag, mu ànd ak juróom fukki
nitam, dem ba ca Ilyaas. Gisuñu lu moy
mu toog ca kaw tund wa. Njiit la ne ko:
«Ée góoru Yàlla gi, Buur nee nga wàcc.»
10 Ilyaas wax njiital juróom fukki dag ya,
ne ko: «Ndegam góoru Yàlla laa, yal na
sawara wàcce asamaan xoyom la, yaw
yaak sa juróom fukki dag.» Sawara daldi
bàyyikoo asamaan, ne jippét xoyom leen,
mook juróom fukki dagam ya.
11 Buur dellu yebal keneen ku jiite
juróom fukki dag, mu ànd ak juróom
fukkam ña. Njiit la dem ne Ilyaas: «Ée
góoru Yàlla gi, Buur nee nga wàcc gaaw!»
12 Ilyaas wax leen ne leen: «Ndegam
góoru Yàlla laa, yal na sawara wàcce
asamaan xoyom la, yaw yaak sa juróom
fukki dag.» Sawaraw Yàlla bàyyikoo
asamaan, xoyom njiit la, mook juróom
fukki dagam ya.
13 Mu delluwaat yebal njiital juróom
fukki dag, mu ànd ak juróom fukkam ña,
muy ñetteel bi yoon. Mu daldi dem ba àgg
ca Ilyaas, ne gurub sukk ca kanamam;
tinu ko ne ko: «Éy góoru Yàlla gi, ngalla
wormaalal sama bakkan ak bakkani
juróom fukk ñii, sang bi.
14 Gis nga ni sawara wàcce asamaan,
xoyom ñaari njiiti juróom fukki dag yi ma
jiitu, ñook seen juróom fukki dag, waaye
rikk wormaalal sama bakkan ngir ma
mucc!»
15 Malaakam Aji Sax ji ne Ilyaas: «Wàccal
ànd ak moom, bu ko ragal.» Mu daldi wàcc
ànd ak njiit la ba ca Buur,
16 ne ko: «Aji Sax ji nee: Yónni nga ay
ndaw, di seeti ca Baal Sebub, tuuru

Ekkron, mel ni Yàlla amul ci Israayil, ba ñu
man koo laaj kàddoom. Loolu tax na lal bi
nga tëdd, doo ko wàcc, ndax dinga dee
moos!»
17 Ba loolu amee mu dee, muy la Aji Sax
ji waxoon, Ilyaas jottali ko. Rakkam
Yoram nag falu buur, wuutu ko ca ñaareelu
atu nguurug Yexoram doomu Yosafat
buurub Yuda. Fekk na Axasya amuloon
doom ju góor.
18 Li des ci mbiri Axasya aki jëfam,
bindees na ko moos ca téere bi ñu dippee
Jaloorey buuri Israayil ca seeni jant.

# 2

### *Yonent Yàlla Ilyaas yéeg na*

1 Bés ba Aji Sax jiy yóbbu Ilyaas kaw
asamaan ci biir callweer, ma nga bàyyikoo
woon Gilgal, ànd ak Alyaasa.
2 Ci biir loolu Ilyaas ne Alyaasa: «Xaaral
fii rikk, ndax Aji Sax ji da maa yebal
Betel.» Alyaasa ne ko: «Ak sama
digganteek Aji Sax ji, Kiy dund, nga fekke
tey, duma teqalikook yaw mukk.» Ñu
daldi ànd, dem Betel.
3 Kuréelu yonenti Betel nag dikk ca
Alyaasa ne ko: «Ndax xam nga ne bésub tey
jii Aji Sax ji dina la yenni sa kilifteefu sang
Ilyaas?» Mu ne: «Man kay xam naa ko;
waaye noppileen rekk.»
4 Ba mu ko defee Ilyaas ne Alyaasa:
«Ngalla xaar ma fii nag, ndax Aji Sax ji da
maa yebal Yeriko.» Alyaasa ne ko: «Ak
sama digganteek Aji Sax ji, Kiy dund, nga
fekke tey, duma teqalikook yaw mukk.»
Ñu daldi ànd, dem Yeriko.
5 Kuréelu yonenti Yeriko nag dikk ba ca
Alyaasa ne ko: «Ndax xam nga ne bésub tey
jii Aji Sax ji dina la yenni sa kilifteefu sang
Ilyaas?» Mu ne leen: «Man kay xam naa
ko, waaye noppileen rekk.»
6 Gannaaw loolu Ilyaas ne Alyaasa:
«Ngalla xaaral fii, ndax Aji Sax ji da maa
yebal dexu Yurdan.» Alyaasa ne ko: «Ak
sama digganteek Aji Sax ji, Kiy dund, nga
fekke tey, duma teqalikook yaw mukk!»
Ñu ànd ñoom ñaar.
7 Ba loolu amee juróom fukki nit bawoo
ca kuréeli yonent ya, dikk taxaw, dànd
leen, janook ñoom fa ñu yem ñoom ñaar ca
tàkkal dexu Yurdan.
8 Ilyaas jël mbubbam, taxañ, ne ko tàrr
ca ndox ma, mu xàjjalikoo ñaar. Ñu jaar ci
suuf su wow si, jàll ca wàlla.
9 Ba ñu jàllee, Ilyaas ne Alyaasa: «Wax ma
lu ma lay defal bala ñu maa yóbbu, may
teqalikook yaw!» Alyaasa ne ko: «Xanaa
ma am lu tollook ñaari yoon ci sag leer.»
10 Ilyaas ne ko: «Ñaan nga lu jafe. Waaye
soo ma gisee bu ñu may jële fi ma nekk ak
yaw, yóbbu, kon dinga ko am. Soo ma gisul
nag, doo ko am.»
11 Ci kaw loolu ñu ànd di waxtaan, di
dem. Yéguñu lu moy watiiru sawara wu
ànd ak fasi sawara, ne jimeet, dox seen
diggante ñoom ñaar; Ilyaas yiiroo aw
callweer, yéeg kaw asamaan.
12 Alyaasa gis loolu, daldi yuuxu, naan:
«Wuy baayee, baay bóoy, yaay watiiru
xarey Israayil aki gawaram!» Ba loolu
amee gisatu ko. Mu ne sëq ay yéreem, ne
ko tareet, def ko ñaar ndaxu tiis,
13 doora for mbubb ma wadde ca Ilyaas;
ne wërëñ, dem taxawi ca tàkkal dexu
Yurdan.
14 Ba mu ko defee Alyaasa fab mbubb
ma wadde ca Ilyaas, ne ko tàrr ca ndox ma
ne: «Ana Aji Sax ji, Yàllay Ilyaas? Ana mu?»
Naka la Alyaasa dóor ca ndox ma moom
itam, mu xàjjalikoo ñaar, mu jàll.
15 Kuréeli yonenti Yeriko ya doon
seetaan a nga janook moom naa: «Leeru
Ilyaas wàcc na ci kaw Alyaasa!» Ba loolu
amee ñu gatandu ko, sujjóotal ko, dëpp
seen jë ca suuf.
16 Ci kaw loolu ñu ne ko: «Xam nga lan la,
sang bi? Am na ci nun juróom fukki nit ñu
jàmbaare. Nañu dem seetali la sa sang ba.
Jombul leeru Yàlla yóbbu ko, teg ko ci kaw
tund yii, wenn, mbaa mu teg ko ci biir xur
yii, wenn.» Mu ne leen: «Déedéet, buleen
leen yebal.»
17 Ñu soññ ko, ba mu am ca kersa, ne
leen: «Waaw, yeballeen leen.» Ñu daldi
yebal juróom fukki nit, ñu seet diiru ñetti
fan, gisuñu kenn.
18 Naka lañu dellu ca moom, fekk ko ca
Yeriko, mu ne leen: «Newuma leen woon
buleen dem?»

19 Gannaaw loolu waa dëkk ba ne
Alyaasa: «Xam nga ne fi dëkk bi nekk baax na, sang bi, waaye ndox mi baaxul, te suuf si nanguwul.»
20 Alyaasa ne leen: «Indilleen ma ndab lu
bees, te def ci xorom.» Ñu indil ko ko.
21 Mu dem ba ca bëtu ndox ba, sànni ca
xorom sa, ne: «Aji Sax ji nee: Laabal naa ndox mii. Dootul rey te dootul tax suuf si du nangu.»
22 Ndox ma daa laab ba tey jii, muy la
Alyaasa waxoon.
23 Alyaasa bàyyikoo fa, jëm Betel. Ma nga
topp yoon wa di dem, ay gone jóge ca dëkk ba, di ko ñaawal, naan ko: «Boroom nel, ca kaw! Ée boroom neléey, ayca ca kaw!»
24 Naka la ne gees, ne leen jàkk, daldi
leen móolu ci turu Aji Sax ji. Ci kaw loolu ñaari rab yu aay yu tudd urs génne ca àll ba, fàdd ca gone ya ñeent fukk ak ñaar.
25 Mu bàyyikoo foofa jubal tundu
Karmel, jóge fa dellu Samari.

# 3

*Israayil ak Mowab jote nañu*

1 Ba Yosafat faloo Yuda, ba dugg ca
fukkeelu atu nguuram ak juróom ñett, ca la Yoram doomu Axab falu buur ca Israayil, Samari di péeyam. Yoram nguuru na fukki at ak ñaar,
2 di def li Aji Sax ji ñaawlu. Waaye taxul
mu dab ndeyam ak baayam: jële na fa doj wa ñuy jaamoo Baal te baayam sampoon ko fa.
3 Terewul mu sax ci xeetu bàkkaar ya
Yerbowam doomu Nebat doon bàkkaarloo Israayil, bañ koo dëddu.
4 Ci biir loolu, Mesa buuru Mowab
doonoon boroom jur, di fey buurub Israayil galagu téeméeri junniy (100 000) xar ak téeméeri junniy (100 000) kuuy yu ñu watul.
5 Buur Axab nag dee, buuru Mowab
jógal buurub Israayil ba ko wuutu.
6 Ba mu ko defee Buur Yoram daldi génn
Samari ca saa sa, lim gàngooru xarem Israayil gépp.
7 Ba loolu amee mu yónnee ca Yosafat
buurub Yuda, ne ko: «Buuru Mowab fippu na, jógal ma. Ndax doo ànd ak man, nu xarejeek Mowab?» Mu ne ko: «Ahakay! Maak yaw benn lanu. Sama mboolooy sa mbooloo, samay fas di say fas,»
8 teg ca ne: «Fu nuy jaare, song leen?»
Mu ne ko: «Xanaa ca màndiŋu Edom.»

9 Ba mu ko defee buurub Israayil ak
buurub Yudaak buurub Edom dem di dox diiru juróom ñaari fan, ba ñook jur gi ñu àndal, kenn amatu ci ndox.
10 Buurub Israayil ne: «Musiba am na
walla! Ndax Aji Sax ji da noo woo, nun ñetti buur yii, ngir teg nu ci loxol buuru Mowab.»
11 Yosafat daldi ne: «Ndax yonentu Aji
Sax ji nekku fii, ba nu seetlul ko ci Aji Sax ji?» Kenn ca jawriñi buurub Israayil ne: «Alyaasaa ngi fi, mooy doomu Safat ji doonoon bëkk-néegu Ilyaas.»
12 Yosafat ne: «Waaw, kàddug Aji Sax jaa
ngi ci moom kay.»

Ba mu ko defee buurub Israayil ànd ak Yosafat buurub Yuda ak buurub Edom, dem ca Alyaasa.
13 Mu wax ak buurub Israayil ne ko:
«Ana lu ma séq ak yaw? Demal kay ca sa yonenti baay yaak sa yonenti ndey ya!» Buurub Israayil ne ko: «Déedéet, ndaxte Aji Sax jee nu fi woo, nun ñetti buur yii, ngir teg nu ci loxol Mowab.»
14 Alyaasa ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax ji,
Kiy dund, Boroom gàngoori xare yi, moom mi may jaamu, bu dul woon ak Yosafat buurub Yuda mii teew, te ma rus ko, duma la xool sax mbaa ma di la faale.
15 Waaye indil ma ab xalamkat.» Mu
indil ko ko.

Naka la xalamkat bay xalam, leeru Aji Sax ji dikkal Alyaasa.
16 Alyaasa ne: «Aji Sax ji nee: Gasleen ci
xur wii ay kàmbi kàmb.
17 Ndaxte Aji Sax ji nee: Du ngelaw lu
ngeen di gis mbaa taw, te du tee xur wii fees dell ak ndox, ngeen naan yeen ak seen gétt ak seen jur gu gudd.
18 Loolu yomb na Aji Sax ji te dina teg
Mowab ci seen loxo it.
19 Dingeen nangu mboolem dëkk bu
mag bu ñu wëraley tata ak mboolem péey; garab gu baax ngeen gor, mboolem bëti ndox ngeen fatt, tool bu nangu ngeen yàq kooki xeer.»

[20] Ca suba sa, ba ñuy tollu ci rendi sarax
rekk; ndox ma bàyyikoo yoonu Edom, wal,
ba fépp fees ak ndox.
[21] Ci biir loolu Mowabeen ñépp dégg ne
buur ya ñëw naññu xareseek ñoom. Ñu woo
képp ku àttan ngànnaay, mag ak ndaw, ñu
bokk taxaw fa seeni réew digaloo.
[22] Ba ñu fanaanee ba ca suba sa, jant bay
lerxat ca ndox ma. Waa Mowab tollu ca
wàlla, di gis ndox ma xonq, mel ni deret.
[23] Ña nga naan: «Lee de deret la! Xam
naa buur yaa xeex a xeex, ba reyante ca
seen biir. Kon nag waa Mowab, ayca, ca
lël ja!»
[24] Ba ñu dikkee ba ca dalub Israayil, waa
Israayil jóg dal ca seen kaw, ba ñu won
leen gannaaw, ne wëqét. Ñu dugg réewum
Mowab, duma leen.
[25] Ba loolu amee ñu yàqate dëkk ya,
mboolem tool bu nangu, kenn ku nekk
sànni ca xeer ba mu fees, bëtu ndox bu
nekk, ñu fatt, garab gu baax gu ne, ñu gor.
Mujj na dëkk bu ñu naan Kir Eres doŋŋ a
ne ñumm ak xeer ya ñu ko tabaxe. Teewul
boroom mbaq ya gaw ko, song ko.
[26] Ba buuru Mowab gisee xeex bi di ko
ëpp doole, daa woo juróom ñaari téeméeri
(700) boroom saamar, ànd ak ñoom ngir
bëtt, ba àgg ca buurub Edom. Waaye
sottiwul.
[27] Ba loolu amee mu jël taawam bu góor
bi nara falu buur, wuutu ko, ne ko teqet
rendi, def ko saraxu rendi-dóomal ca kaw
tata ja. Waa Israayil ñaawlu jëf ja lool,
daldi won buuru Mowab gannaaw, ñibbi
seenum réew.

# 4

## *Alyaasa dimbali na jëtun ba*

[1] Am na bés ku jëkkëram bokkoon ci
yonent yi, di jooytu ci Alyaasa ne ko:
«Sama jëkkër de sa ndongo la woon. Léegi
nag faatu na, te yaw ci sa bopp sang bi,
xam nga ne ku ragaloon Aji Sax ji la.
Waaye ka mu ameeloon bor moo dikk,
bëgga yóbbu sama ñaari doom yu góor, ngir
def leeni jaam.»
[2] Alyaasa ne ko: «Loo bëgg ma dimbalee
la ko? Wax ma loo am ca kër ga.» Mu ne
ko: «Dara, sang bi. Awma dara ca kër ga lu
moy taxub diw.»
[3] Mu ne ko: «Demal àbbi ay ndab yu deful
dara ci sa dëkkandoo yi la wër yépp, te lu
mu gëna bare mu gën.
[4] Su ko defee nga dellu tëjook say doom,
ba noppi nga sotti diw gi ci ndab yooyu
yépp, bu ci fees, nga ber.»
[5] Mu bàyyikoo nag ca Alyaasa. Gannaaw
gi, mu tëjuji, mooki doomam; ñu di ko jox,
muy sotti.
[6] Mu dem ba ndab ya fees, mu ne kenn
ca doom ya: «Jottali ma ndab leneen.» Mu
ne ko: «Ndab desu fi de.» Diw ga it ne tàkk,
xelleetul.
[7] Mu daldi dem wax ko góoru Yàlla ga.
Mu ne ko: «Doxal jaay diw gi, fey say bor;
la ca des nga dunde, yaak say doom.»

## *Alyaasa am nab dal*

[8] Am na bés Alyaasa jaare dëkk ba ñuy
wax Sunem. As ndaw su bare alal woo ko,
di ko soññ, ngir mu ñëw xéewlu ci këram.
Mujj na saa yu fa jaaree, daldi fay toog, ba
xéewlu.
[9] Ci biir loolu mu ne jëkkëram: «Aa, man
déy, xam naa ne kiy fara dal ak nun góoru
Yàlla gu sell la.
[10] Tee nu koo tabaxal néeg bu ndaw ci
kaw taax mi, defal ko ca ab lal ak taabal ak
toogu akub làmp, ba bu ñëwatee dal ca?»

## *Alyaasa delloo na njukkal*

[11] Noonu la Alyaasa dikke bés, dal ca
néeg ba ñu ko tabaxal ca kaw taax ma, tëdd
fa.
[12] Ci kaw loolu mu ne surgaam Gexasi:
«Wool ma ndawas Sunem sii.» Mu wool ko
ko, mu dikk taxaw.
[13] Mu ne surgaam: «Waxal ma ndaw sii
ne ko: “Waaw, yaw de yaa ngi sonn ci nun
coono bii bépp! Ana loo bëgg nu defal la
ko? Ndax nu waxal la Buur lu jëm ci yaw,
am nu wax ak njiital gàngooru xare ga?”»
Mu wax ko, ne ko: «Jërëjëf, waaye am naa
teraanga ci sama biiri bokk.»
[14] Alyaasa ne Gexasi: «Ana lu nu koy
defal nag?» Mu ne ko: «Amul doom ju góor
de, te jëkkëram mag la.»
[15] Alyaasa ne ko: «Woowaat ko.» Mu woo
ko; mu dikk, taxaw ca bunt ba.

16 Alyaasa ne ko: «Nëgëni déwén dinga
leewu doom ju góor.» Mu ne ko: «Déet,
sang bi, góoru Yàlla gi, bu ma nax mukk,
sang bi.»
17 Ndaw sa nag mujj ëmb; ca déwén sa
mu am doom ju góor, ca jamono jooja,
muy la ko Alyaasa waxoon.
18 Xale ba di màgg. Mu am bés mu dem
fekki baayam ca ñay góob.
19 Mu jekki ne baayam: «Wóoy baay,
sama bopp bi, sama bopp bi!» Baay ba ne
surga ba: «Yóbbu ko ca yaayam.»
20 Surga ba fab ko, yóbbu ca yaayam, mu
uuf ko, ba ca digg bëccëg, xale ba dee.
21 Yaay ja yéeg, tëral ko ca kaw lalu góoru
Yàlla ga, tëj bunt ba, daldi génn.
22 Mu woo jëkkëram, ne ko: «Rikk boole
maak kenn ci surga yi te jox ma menn
mbaam, ma daw ba ca góoru Yàlla ga te
ñëw gaaw.»
23 Mu ne ko: «Ana looy wuti ca moom
tey, te du Terutel weer, du bésub Noflaay?»
Mu ne ko: «Jàmm la.»
24 Ba loolu amee ndaw sa takk mbaam
ma, ne surgaam: «Doxal jiitu, bu ma
taxawloo ci yoon wi te waxuma la ko.»
25 Mu dem ba àgg ca góoru Yàlla ga, ca
tundu Karmel.
Góoru Yàlla ga séen ko fu sore, ne
surgaam Gexasi: «Xoolal, ndawas Sunem
saa ngii.
26 Dawal gaaw dajeek moom, laaj ko
mbaa mu ngi ci jàmm mook jëkkëram ak
doomam.» Mu laaj ko, mu ne ko: «Jàmm
rekk la.»
27 Mu agsi nag ca góoru Yàlla ga, ca kaw
tund wa, ne fëlëñ ca suuf, jàpp ca tànk ya.
Gexasi dikk, bëgg koo bëmëx, mu ne ko:
«Bàyyi ko, xolam a naqari. Aji Sax ji nag
nëbb na ma ko, xamalu ma lan la.»
28 Ndaw sa ne ko: «Sang bi, du man maa
la ñaan doom ju góor de! Te ne woon naa
la nga bañ maa nax.»
29 Ba loolu amee Alyaasa ne Gexasi:
«Takkul, ŋàbb sama yet ci sa loxo te daw
dem. Koo mana taseel, bu ko nuyu te bu la
nuyoo, bu ko fey. Boo àggee, tegal sama
yet wii ca kaw kanamu xale ba.»
30 Teewul yaayu xale ba ne ko: «Ak sama
digganteek Aji Sax ji, Kiy dund, nga fekke
tey, duma la fi bàyyi.» Mu daldi jóg topp ca
moom.
31 Fekk na Gexasi jiitu leen. Ba mu
agsee, mu teg yet wa ca kaw kanamu xale
ba, waaye xale ba àdduwul, yënguwul.
Gexasi waññiku, dajeek Alyaasa ne ko:
«Xale ba de yewwuwul!»
32 Ba Alyaasa agsee ca kër ga it, fekkul lu
moy néewub xale bi tëdd ca kaw lal ba.
33 Naka la dugg, tëj bunt ba, ñoom ñaar
ca biir. Mu ñaan ci Aji Sax ji,
34 ba noppi yéeg, daldi tàlli ca kaw xale
ba, tafu ca kawam, gémmiñ ak gémmiñ, bët
ak bët, biir loxook biir loxo. Naka la bóof
ca kaw xale ba, yaram wa tàmbalee tàngaat.
35 Alyaasa jóg di jaabante ca biir néeg
ba. Nes tuut mu yéeg, bóofaat ca kaw xale
ba; xale ba daldi tisli ba muy juróom ñaari
yoon, ne xiféet.
36 Ba loolu amee Alyaasa woo Gexasi ne
ko: «Wool ndawas Sunem soosu.» Mu woo
ndaw sa, mu dikk. Mu ne ko: «Jëlal sa
doom.»
37 Ndaw sa ne gurub cay tànkam, sujjóot;
ba noppi fab doomam, génn.

## *Alyaasa sekki na tooke ja*

38 Gannaaw loolu Alyaasa ñibbi Gilgal,
mu yemook xiif am ca réew ma. Mu am
bés kuréelu yonent ya daje fa moom.
Alyaasa ne surgaam: «Tegal cin lu mag li te
toggal yonent yii mbuum.»
39 Ci kaw loolu kenn ca yonent yi génn,
dem ca àll ba, di witti ay xob, daldi fa gis
ag lawtan gu doom ya mel ni yomb, mu
witt ca ba mbubbam fees. Mu dellu, fejat
ko, yeb ca cinu mbuum la, te kenn xamul
lu mu doon.
40 Ñu yekkal ko nit ña, waaye manuñu
koo lekk. Naka lañu mos rekk, yuuxoo ne:
«Lekk-dee la cin li def de, góoru Yàlla gi!»
41 Alyaasa ne: «Indilleen ma sunguf.» Ñu
indi, mu xëpp ca cin la, daldi ne: «Sottilleen
mbooloo mi, ñu lekk.» Ba loolu amee dara
lu aay amatul ca cin la.

## *Alyaasa leel na mbooloo*

42 Ba loolu wéyee jenn waay jóge Baal
Salisa, indil góoru Yàlla ga mburum pepp
ma njëkka ñor, muy ñaar fukki mburuy
lors, boole ciy gubi bele, yeb ko ci

saakoom. Alyaasa ne ñu jox ko mbooloo
mi, ñu lekk.
43 Ka koy séddale ne ko: «Waaw, nu may
taajale lii téeméeri nit?» Mu ne ko: «Joxal
mbooloo mi ñu lekk, ndax Aji Sax ji nee:
Dinañu lekk ba mu des.»
44 Mu taajal leen ko, ñu lekk ba desal,
muy la Aji Sax ji waxoon.

# 5

## *Alyaasa faj na kilifa*

1 Ba loolu wéyee Naaman njiital xareb
buurub Siri la woon, sangam buurub Siri
nawloo ko lool, def ko nitam, ndax ciy
loxoom la Aji Sax ji jaarale ndam li mu
mayoon waa Siri. Ku jàmbaare la woon,
waaye daa amoon jàngoroy ngaana*.
2 Fekk na ay xarekati waa Siri dem songi
réewum Israayil, jàppe fa ab janq, def ko
surgab jabaru Naaman.
3 Mu am bés janq ba ne njaatigeem: «Éy
su sama sang bi demoon ca yonent ba ca
Samari! Kon de dina ko teggil jàngoroy
deram ji.»
4 Naaman nag dem wax Buur, sangam,
ne ko janqub waa Israayil ba nee na
nàngam ak nàngam.
5 Buurub Siri ne ko: «Demal kay, dinaa la
yóbbante buurub Israayil bataaxal.» Mu
dem, yóbbaale ñetti téeméeri kiloy xaalis ak
juróom fukk (350), ak juróom ñaar fukki
(70) kiloy wurus, ak fukki mbubbi xew;
6 bataaxal ba mu yót buurub Israayil
nag, lii lañu ca bind: «Bataaxal bii maa ko
teg ci sama loxol surga Naaman, yebal ko
ci yaw, ngir nga fajal ko ngaana gi ko dal.»
7 Naka la buurub Israayil jàng bataaxal
ba rekk, ne mbubb ma tareet ndax jaaxle,
daldi ne: «Man dama di Yàlla bay rey,
mbaa may dundal, ba kii di yebal nit ku
may fajal ngaana! Seetleen lii rekk: kii da
may wut!»
8 Ba Alyaasa, góoru Yàlla ga déggee ne
buurub Israayil xotti na mbubbam, daa
yónnee ca moom, laaj ko ne ko: «Ana lu tax
nga xotti sa mbubb? Yebalal waa ji ci man
rekk. Dina xam ne yonent a ngi ci
Israayil.»
9 Ba loolu amee Naaman yóbbaale ay
fasam aki watiiram, dikk taxaw ca bunt
kër Alyaasa.
10 Alyaasa yebal ndaw ca moom ne ko:
«Demal sanguji juróom ñaari yoon ca dexu
Yurdan, sa yaram set, dellu mel na mu
meloon.»
11 Naaman nag mer. Ma ngay dem te
naan: «Xoolal rekk, man mi noon day daldi
génn taxaw ci biti, ñaan ci Yàllaam Aji Sax ji,
tiimale loxoom ër bi, daldi teggi jàngoro ji!
12 Te sax xanaa Abanaa ngi nii ak
Parpar, di dexi Damaas, gën fopp
mboolem ndox muy wal ci Israayil? Ndax
dama caa manuloona sangu, ba wér?» Mu
walbatiku dem, mer lool.
13 Surgaam ya nag dikk, kenn ca ñoom
ne ko: «Baay Naaman, su doon lu jafe la la
yonent bi wax ndax danga ko dul def?
Kon kay su la nee nga sangu rekk, set
wecc, nga war koo def!»
14 Naaman nag doora dem, sóobu ca
dexu Yurdan ga, ba muy juróom ñaari
yoon, muy la góoru Yàlla ga waxoon. Mu
daldi wér, yaram wa mel ni yaramu xale
bu góor bu ndaw, set wecc.
15 Ba loolu amee Naaman dellu ca góoru
Yàlla ga, mook mboolem toppam ma. Mu
dikk ba ca moom, taxaw ne: «Dama ne léegi
wóor na ma ne amul jenn Yàlla ci mboolem
àddina ju moy Yàlla ji ci Israayil. Kon nag
sang bi, ngalla nangul lii, maa la ko may.»
16 Alyaasa ne ko: «Déedéet. Giñ naa ci Aji
Sax ji, Kiy dund, moom mi may jaamu,
duma ko jël.» Mu soññ ko, soññ, mu bañ.
17 Naaman ne ko: «Gannaaw bañ nga,
sang bi, nañu ma may sëfub ñaari berkelle
ci suuf, ngir kat, sang bi, dootuma jébbal
ay tuur saraxu rendi-dóomal mbaa yeneen
sarax, lu dul Aji Sax ji doŋŋ†.
18 Waaye sang bi, lenn rekk laay ñaan,
Aji Sax ji jéggal ma ko. Bu sama sang ba di
dugg ca kër tuur ma ñuy wax Rimon, di ko
sujjóotal, ba jàpp sama loxo, ma ànd ak
moom sujjóot ca kër Rimon, yal na ma Aji

* **5.1 *ngaana:*** baat bi man naa ëmb yeneen jàngoroy der juy law te aay, yu dul ngaana kese. † **5.17** Naaman dafa yaakaaroon ne Aji Sax ji, Israayil rekk lañu ko mana jaamoo. Teewul mu defe ne ku sàkk suufas Israayil, tabaxal ko ca feneen sarxalukaay, Aji Sax ji man na faa nangu sa jaamu ba tey.

Sax ji jéggal la ma fay sujjóot rekk, sang
bi.»
19 Alyaasa ne ko: «Demal ak jàmm.»

### *Gexasi lal na pexe*

Ba Naaman bàyyikoo ca Alyaasa, dem ba
xawa sore,
20 Gexasi surgab góoru Yàlla ga, Alyaasa,
ne ca xelam: «Eewaay sama sang daal! Day
bàyyi Naaman waa Siri bii mu deme
noonu rekk; jëlul dara ci li mu indi. Giñ
naa ko ci Aji Sax ji, Kiy dund, dinaa daw
dabi ko, ba am ci moom as lëf.»
21 Gexasi daldi daw dabi Naaman. Ba ko
Naaman séenee muy daw wutsi ko, mu
cëppoo ca watiiram dajeek moom, ne ko:
«Mbaa jàmm la?»
22 Mu ne ko: «Jàmm la kay. Sama sang a
ma yónni ne ma ma wax la ne ñaari xale yu
góori yonent a agsi léegi, jóge diiwaanu
tundi Efrayim. Nee ndax doo ko jox
fanweeri kiloy xaalis ak juróom (35), ak
ñaari mbubbi xew yu mu leen may?»
23 Naaman ne ko: «Ahakay! Jëlal juróom
ñaar fukki (70) kiloy xaalis kay!» Mu soññ
ko nag, ba mu ëmb juróom ñaar fukki kiloy
xaalis yi ci ñaari mbuus, boole ca ñaari
mbubbi xew, jox ko ñaari surgaam, ñu
gàddu, jiitu Gexasi.
24 Gexasi agsi ca tund wa, jële ko ca
seeni loxo, dem, denci ko ca biir kër ga, ba
noppi yiwi leen, ñu dem.
25 Ba loolu wéyee mu dellu ca sangam
Alyaasa. Mu ne ko: «Foo jóge nii?» Mu ne
ko: «Demuma fenn de, sang bi.»
26 Alyaasa ne ko: «Defe nga ne samag
leer teewuloon, ba nit kay wàcce ca
watiiram, di dajeek yaw? Ndax danoo
tollu ci jël xaalisu kenn aki mbubb mbaa
ay tooli oliw aki tooli reseñ aki gàtt aki
nag aki jaam yu góor ak yu jigéen?
27 Ngaanag Naaman dina la topp, yaak
saw askan ba fàww!» Ba mu ko defee
Gexasi bàyyikoo ca Alyaasa, daldi gaana,
yaram wa ne fureet, weex furr.

## 6

### *Weñu sémmiñ ga tëmb na*

1 Am na bés ña bokk ci kuréelu yonent ya
wax Alyaasa ne ko: «Xoolal, béreb bi nuy
dajeek yaw daa xat.
2 Nan dem ngalla ba ca tàkkal dexu
Yurdan, ku nekk ci nun sàkk fa aw dénk,
nu defaral fa sunu bopp béreb bu nuy
daje.» Alyaasa ne leen: «Demleen.»
3 Kenn ca ñoom ne ko: «Sang bi, ñëwal nu
dem kay!» Mu ne ko: «Waaw, nan dem.»
4 Mu ànd ak ñoom dem ba ca dexu
Yurdan, di fa gor ay garab.
5 Kenn ca ñoom doon gor, weñu
sémmiñam wadd ca ndox ma. Mu jalu, ne:
«Éy, sang bi, te dama koo àbboon kat!»
6 Góoru Yàlla ga ne ko: «Fu mu wadd?»
Mu won ko fa mu wadd, mu dog bant
sànni foofa, weñ ga tëmb.
7 Mu ne ko: «Foral!» Mu yóotu, for ko.

### *Alyaasa sànk na gàngoor*

8 Ba loolu wéyee buurub Siri doon na
xareek Israayil. Ci biir loolu mu diisooki
surgaam, ne leen béreb sàngam lay def ab
dalam.
9 Ci kaw loolu góoru Yàlla ga yónnee ca
buurub Israayil, ne ko: «Nanga moytoo
jaare béreb sàngam, ndaxte fa la waa Siri
jëm.»
10 Buurub Israayil yónnee fa ko góoru
Yàlla ga wax, ngir nemmiku foofa. Alyaasa
di artoo Buur noonu, muy fàggandiku.
Loolu am na bu dul benn yoon, du ñaar.
11 Buurub Siri nag jàq lool ci loolu, daldi
woolu ay jawriñam ne leen: «Ana kan ci
yeen moo fi nekkal buurub Israayil?»
12 Kenn ca jawriñ ya ne ko: «Du kenn,
Buur sang bi; waaye Alyaasa, yonent bi ci
Israayil mooy jottali buurub Israayil
kàddu yi ngay wax ci sa biir néegu biir.»
13 Mu ne: «Seetalileen ma ko, ma yónnee,
jàpp ko.» Ñu mujj xamal ko ne: «Moom de,
ma nga ca Dotan.»
14 Buurub Siri yebal fa ay dag yu takku,
yóbbaale ay fas aki watiir. Mu agsi guddi,
gaw dëkk ba.
15 Ci kaw loolu bëkk-néegub góoru Yàlla
ga jóg ca suba teel, génn, gisul lu moy
gàngooru xare gu gaw dëkk ba, aki fas aki
watiir. Mu ne ko: «Éy sang bi, fu nu jëm?»
16 Alyaasa ne ko: «Bul tiit, noo leen ëpple
ñu ñu àndal.»
17 Alyaasa nag ñaan ne: «Aji Sax ji, ngalla
ubbil ay bëtam, mu gis.» Aji Sax ji ubbi bëti
surga ba, mu xool, ndeke tund waa nga

fees aki fas aki watiiri sawara, wër
Alyaasa.
18 Ba mu ko defee waa Siri wutsi
Alyaasa, mu ñaan ci Aji Sax ji ne ko: «Rikk
muural bëti mbooloo mii.» Aji Sax ji muur
seeni bët, na mu ko ko ñaane.
19 Alyaasa nag ne leen: «Fii du yoon wi
de, te du dëkk bi ngeen di seet it. Toppleen
ma, ma yóbbu leen ci ki ngeen di seet.» Mu
daldi leen yóbbu ba Samari.
20 Ba ñu duggee Samari, Alyaasa dellu
ñaan ne: «Aji Sax ji, ngalla ubbil bëti nit ñii,
ñu gis.» Aji Sax ji muri seeni bët, ñu xoole
rekk, gis ne ñu ngi biir Samari.
21 Buurub Israayil gis leen ne: «Baay
Alyaasa, ma rey leen? Ãa, ma rey leen?»
22 Mu ne ko: «Bu leen rey mukk. Xanaa
ñoo jàpp cib xare sax doo leen rey? May
leen ñu lekk, naan, te dellu ca seen sang.»
23 Ba loolu wéyee Buur berndeel leen
bernde ju réy; ñu lekk, naan; mu yiwi leen,
ñu ñibbi ca seen sang. Booba la waa Siri
gëjoona def gàngoori yàqkat, di dugg biir
réewum Israayil.

### *Xiif ba tar na ca Samari*

24 Ba ñu demee ba yeneen jamono, Ben
Addàd buurub Siri woo gàngooru xareem
gépp, dem gawi Samari.
25 Xiif bu metti am ca Samari ndax gaw
ba, ba boppub mbaam-sëf di jar juróom
ñett fukki dogi xaalis, genn-wàll liibaru
jonkanu pitax* di jar juróomi dogi xaalis.
26 Mu am bés buurub Israayil jaar ca
kaw tata ja, sennas ndaw àddu ca kaw ne
ko: «Buur, sang bi, ngalla wallu ma!»
27 Mu ne ko: «Bu la Aji Sax ji walluwul,
nu ma lay walloo? Du pepp, du ndoxum
reseñ ju ma la mana may.»
28 Mu teg ca ne ko: «Lan la sax?» Ndaw
sa ne ko: «Ndaw sii da ma noon: “Indil sa
doom, nu lekk ko tey, ëllëg nu lekk sama
doom.”
29 Nu togg sama doom, bokk ko lekk. Ma
ne ko: “Su ëllëgee indil sa doom, nu bokk
ko lekk.” Moom nag mu làq doomam.»
30 Ba Buur déggee kàdduy ndaw sa, daa
xotti mbubbam ndaxu naqar. Ma ngay
dox, di wéy ca kaw tata ja, mbooloo ma
tollu ci suuf séenuñu lu moy saaku bi mu
def njiitlaay, di ko ñaawloo.
31 Ma nga naan: «Yal na ma Yàlla teg
mbugal mu gëna tar ndegam bésub tey jii
boppub Alyaasa doomu Safat du
teqalikook baatam.»
32 Fekk na Alyaasaa nga ca këram toog,
mag ña bokk toog ak moom. Buur yebal
ndaw ca moom. Ndaw la agseegul,
Alyaasa ne mag ña: «Xoolleen bóomkat bii
yebal kuy dogsi sama bopp! Xam ngeen
lan la, bu ndaw li agsee rekk, tëjleen bunt
bi, tere koo dugg; ndax du tànki sangam
laay dégg, mu topp ci moom sax?»
33 Naka la Alyaasa di wax, ndaw la ne
jimeet, jëm ca moom. Ma nga naan: «Gis
nga musiba mii Aji Sax ji wàcce. Kon ana
lu may séentooti ci Aji Sax ji?»

## 7

1 Ba loolu amee Alyaasa ne: «Dégluleen
kàddug Aji Sax ji. Aji Sax ji nee: Nëgëni
ëllëg benn nattub lëmm ci sunguf su mucc
ayib benn dogu xaalis doŋŋ lay doon, ñaari
natti lors it di benn dogu xaalis ca buntu
Samari.»
2 Jaraaf ja daan ànd ak Buur saa su ne
àddu ca ne góoru Yàlla ga: «Ma ne, su Aji
Sax ji ubbi woon sàqi asamaan sax, ndax
man naa tax loolu am?» Mu ne ko: «Dinga
ci teg sa bët déy, waaye doo ci lekk.»

### *Aji Sax ji wallu na Samari*

3 Ci biir loolu amoon na ñeenti gaana yu
nekkoon ca buntu dëkk ba. Ña nga naan ci
seen biir: «Xanaa dunu toog fii ba dee?
4 Su nu demee ca biir dëkk ba, danuy dee
ak xiif. Su nu toogee fii itam, dee ak xiif.
Kon kay nan dem ca dalub waa Siri, jébbal
leen sunu bopp. Su ñu nu bàyyee, nu dund,
baax na. Su ñu nu reyee it, nu dee rekk.»
5 Ci kaw loolu ñu jóg timis, jëm ca dalub
waa Siri. Ba ñu agsee ca peggub dalu waa
Siri, gisuñu luy nirook nit sax.
6 Booba fekk na Boroom bi dégtal waa
dalub Siri riirum fas yu ànd aki watiiri
xare ak gàngoor gu réy, ba tax ñu naan ca
seen biir: «Ãa! Loolu de, buuri Etteen ña

* **6.25** ***jonkanu pitax:*** am na ñu jàpp ne jonkanu pitax xollitu peppu saxyaay la gu ñuy woowe noonu.

ak buuri Misra lañu, Buurub Israayil moo
leen fey, ngir ñu songsi nu!»
7 Ba mu ko defee ñu jóge fa ca timis,
bàyyi fa seeni xaymaak seeni fas ak seeni
mbaam, wacc dal ba noonu, daw rawaleji
seen bakkan.
8 Ñeenti gaana ya nag dikk, ba jub dal ba,
daldi jegesi, dugg cib xayma, lekk fa,
naan, jële fa xaalis ak wurus aki yére, dem
nëbbi ko; dellu duggaat cib xayma jëleeti
fa, dem nëbbi ko.
9 Ba loolu amee ñu ne ca seen biir: «Nun
kat defunu njub. Bésub tey jii bésub jàmm
la; nun, nu ne patt yéglewunu ko. Su nu
xaaree ba jant bi leer de, àq dina nu topp.
Kon nag aycaleen nu dem yeggeji ko waa
kër buur.»
10 Ñu daldi dem woo wattukati buntu
dëkk ba, wax leen, ne leen: «Dem nanu ca
biir dalu waa Siri; ndeke kenn nekku fa,
baat jibu fa; dara lu moy fas yu yeeweek
mbaam yu yeeweek xayma yu ne ñumm.»
11 Wattukati bunt ba woote, yégle ko ca
biir kër buur.
12 Buur jóg ca guddi, wax aki jawriñam
ne leen: «Ma wax leen nag li nu waa Siri di
fexeel. Xam nañu ne nu ngi dee ak xiif.
Moo tax ñu jóge ca seen dal, làquji ca àll ba.
Xam naa dañu ne: “Bu ñu génnee dëkk bi
rekk, nu jàpp leen, ba noppi dugg ci biir
dëkk bi.”»
13 Kenn ca jawriñ ya ne ko: «Nanu yónni
rekk ay nit ñu war juróomi fas ci yi nu dese
ci dëkk bi. Bu ñu leen reyee de, ñook
mbooloom Israayil mi des ci dëkk bi yépp
ay yem demin. Kon nanu leen yónni rekk
te seet ba xam.»
14 Ba loolu amee ñu waajal ñaari watiir
ak seeni fas, Buur yebal ay ndaw yu toppi
mbooloom Siri, ne leen: «Demleen seeti.»
15 Ñu dem toppi leen ba ca dexu Yurdan,
ndeke yoon wa fees na dell aki yéreeki
jumtukaay yu waa Siri sànni, ba ñuy daw.
Ndaw ya waññiku, wax ko Buur.
16 Mbooloo ma riir, génn wuti dalu Siri
ba, sëxëtoo ko. Ci kaw loolu benn nattub
lëmm ci sunguf su mucc ayib di jar benn
dogu xaalis doŋŋ, ñaari natti lors it di benn
dogu xaalis, muy la Aji Sax ji waxoon.
17 Fekk na Buur teg jawriñam ja mu
doon àndal saa su nekk ca buntu dëkk ba,
mu di ko wattu. Mbooloo ma nag di
buuxante, ba dëggaate ko ca bunt ba, mu
dee. Muy la góoru Yàlla ga yégle woon ba
Buur dikkee ca moom.
18 Na ko góoru Yàlla ga waxe woon Buur,
ne ko: «Nëgëni ëllëg benn nattub lëmm ci
sunguf su mucc ayib doon benn dogu
xaalis doŋŋ, ñaari natti lors it di benn dogu
xaalis ca buntu Samari,» noonu la ame.
19 Jaraaf ja da caa àddu woon ne góoru
Yàlla ga: «Ma ne, su Aji Sax ji ubbi woon
sàqi asamaan sax ndax man naa tax loolu
am?» Mu ne ko: «Dinga ko gisal sa bopp
déy, waaye doo ci lekk.»
20 Loolu ci boppam moo ko dal itam,
ndax mbooloo ma dañoo buuxante, ba
dëggaate ko ca bunt ba, mu dee.

# 8

## *Ndawas Sunem sa jotaat na alalam*

1 Am na bés Alyaasa wax ndaw sa mu
dekkaloon doomam ju góor ne ko: «Ayca,
àndal ak sa njaboot, ngeen dali fu ngeen
mana dal, ndax Aji Sax ji dogal na ab xiif
ci réew mi, te dina am juróom ñaari at.»
2 Ndaw sa fabu, def la ko góoru Yàlla ga
wax, dem yoonam mook njabootam, dali
ca réewum Filisteen ña, toog fa diiru
juróom ñaari at.
3 Ba juróom ñaari at ya matee, ndaw sa
jóge ca réewum Filisteen ña, ñibbisi. Mu
dem ca Buur, di sàkku mu delloo ko këram
ak suufam.
4 Loolu fekk Buur di waxtaan ak Gexasi,
surgab Alyaasa góoru Yàlla ga, naan ko:
«Ayca, wax ma mboolem jaloore yi
Alyaasa def.»
5 Gexasi nag di nettali Buur na Alyaasa
dekkalee woon xale ba, rekk ndaw sa
Alyaasa dekkaloon doomam ju góor ne
jalañ, di sàkkusi ca Buur mu jox ko këram
ak suufam. Gexasi ne ko: «Ndaw saa ngii
nag, Buur, sang bi. Doomam ju góor jii la
Alyaasa dekkaloon.»
6 Buur laaj ndaw sa, mu wax ko lépp.
Buur boole kook benn bëkk-néegam ne ko:
«Fexeel ba ñu delloo ndaw sii lépp luy
alalam ak dayob lépp lu suufam meññoon,
la ko dale ca bés ba mu fi jógee ba tey jii.»

## *Asayel mujj na falu ca Siri*

[7] Am na it yoon wu Alyaasa demoon
Damaas, péeyu Siri. Fekk Ben Addàd
buurub Siri wopp. Ba ñu ko waxee ne ko:
«Góoru Yàlla gi ñëw na fi,»
[8] Buur ne Asayel, ab jawriñam: «Demal ca
góoru Yàlla ga te yóbbaale loo teg ci loxoom,
mu seetal ma ci Aji Sax ji. Laajal ma ko ne
ko: “Ndax dinaa jóg ci sama wopp jii?”»
[9] Asayel dem ca moom, yóbbaale lu mu
ko jox, muy mboolem la gën ca Damaas,
tollu ci sëfub ñeent fukki giléem. Mu dikk
taxaw ca kanamu Alyaasa, ne ko: «Ben
Addàd buurub Siri moo ma yónni fi yaw,
ne ma: “Laajal ma Baay Alyaasa ndax
dinaa jóge ci sama wopp jii.”»
[10] Alyaasa ne ko: «Demal ne ko dina jóg
moos, waaye Aji Sax ji won na ma ne dina
dee déy!»
[11] Ba loolu amee góoru Yàlla ga ne dann,
ne ko jàkk, ba Asayel rus. Alyaasa daldi
jooy.
[12] Asayel ne ko: «Sang bi, looy jooy?» Mu
ne ko: «Damaa xam lu bon li ngay defi waa
Israayil. Seeni tata ngay taal, seeni xale yu
góor nga jam saamar ñu dee, seeni doom
nga tas ci suuf, seeni jigéeni biir nga butti.»
[13] Asayel ne ko: «Moo sang bi, man mi ab
xaj gën, nu ma mana defe jooju jëf ju réy?»
Alyaasa ne ko: «Aji Sax ji won na ma ne
yaay doon buurub Siri.»
[14] Asayel bàyyikoo ca Alyaasa, dellu ca
sangam. Mu ne ko: «Lu la Alyaasa wax?»
Mu ne ko: «Nee na ma de dinga jóg moos.»
[15] Ca ëllëg sa nag Asayel fab malaan,
xooj ko ci ndox, dëpp ko ca kanamu buur
ba, fatt ko, mu dee. Gannaaw loolu Asayel
falu buur, wuutu ko.

## *Yexoram falu na Yuda*

[16] Ba buurub Israayil Yoram doomu
Axab duggee ca juróomeelu atu nguuram,
ca la Yexoram doomu Yosafat buurub
Yuda falu buur ca Yuda.
[17] Fanweeri at ak ñaar la amoon ba muy
falu buur, te juróom ñetti at la nguuru fa
Yerusalem.
[18] Tànki buuri Israayil la topp, waa kër
Axab la roy, ndax doomu Axab la jël jabar,
di def li Aji Sax ji ñaawlu.
[19] Waaye Aji Sax ji bëgguloona tas Yuda
ndax Daawuda, jaamam ba, ndax la mu
ko digoona jafalal seen nguur, moom aki
doomam, ni jum bu dul fey.
[20] Ca jamonoy Yexoram la Edomeen ña
fippu, bañ moomeelu Yuda, ba fal seen
buuru bopp.
[21] Gannaaw loolu Yexoram jàll ba Cayir,
yóbbaale watiiri xareem yépp. Moo jóg ag
guddi, dal ca kaw Edomeen ña leen
gawoon, moom ak njiiti watiiri xareem.
Waaye gàngooru Yuda daw, dellu ca seeni
xayma.
[22] Edomeen ñaa ngi bañ moomeelu
Yuda ba tey jii. Jant yooyu la waa dëkk ba
ñuy wax Libna itam fippu.
[23] Li des ci mbiri Yexoram ak mboolem
lu mu def, bindees na ko moos ci téere bi
ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni
jant.
[24] Buur Yexoram nag saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca bàmmeelu
maamam ca gox ba ñu naan Kër Daawuda.
Axasya doomam falu buur, wuutu ko.

## *Axasya falu na Yuda*

[25] Ba Yoram doomu Axab buurub
Israayil duggee ca fukkeelu atu nguuram
ak ñaar, ca la Axasya* doomu Yexoram
falu buur ca Yuda.
[26] Ñaar fukki at ak ñaar la Axasya amoon
ba muy falu buur, te menn at la nguuru fa
Yerusalem. Atalyaa mooy yaayam, sëtub
Omri buurub Israayil.
[27] Axasya topp ca tànki waa kër Axab, di
def li Aji Sax ji ñaawlu ni waa kër Axab,
ndax goro la woon ca waa kër Axab.
[28] Axasya ànd naak Yoram doomu Axab,
xarejeek Asayel buurub Siri ca Ramot
Galàdd. Waa Siri jam Yoram.
[29] Buur Yoram nag walbatiku fajuji ca
Yisreel ndax jam-jami waa Siri ya ca
Raama, ba muy xareek Asayel buurub
Siri. Doomu Yexoram, Axasya buurub
Yuda nag dem seeti Yoram doomu Axab fa
Yisreel ndax jagadeem ja.

# 9

## *Alyaasa fal na Yewu*

* **8.25** ***Axasya*** ak Yowaxas, kenn ki la.

[1] Ci kaw loolu Yonent Yàlla Alyaasa
woolu kenn ca kuréelu yonent ya, ne ko:
«Takkul, jël taxub diw bii, te dem ba Ramot
Galàdd.
[2] Boo yeggee, seet fa Yewu doomu
Yosafat doomu Nimsi. Fekk ko ca ña muy
àndal, jële ko ca seen biir, ànd ak moom,
dugg néeg bu ngeen mana ñaaroo.
[3] Su ko defee nga jël taxub diw bi, sotti
ko ci kaw boppam te wax ko ne ko: "Aji
Sax ji nee: Diw naa la, fal la ngay buurub
Israayil." Boo noppee, bul yeexantu. Ubbil
bunt ba, daw.»

[4] Ba loolu amee xale bu góor ba, yonent
bu ndaw ba Alyaasa yónni, dem ba àgg
Ramot Galàdd.
[5] Naka la agsi rekk, fekk njiiti gàngooru
xare gi bokk toog. Mu ne: «Kilifa gi,
bataaxal laa la indil.» Yewu ne ko: «Ku ko
moom ci nun?» Mu ne ko: «Xanaa yaw,
kilifa gi.»
[6] Yewu jóg, ànd ak moom, dugg ca biir
kër ga, mu sotti diw ga ca boppam, ne ko:
«Aji Sax ji Yàllay Israayil nee: Diw naa la,
fal la buurub Israayil sama ñoñ.
[7] Nanga tas sa kër sang Axab, te noonu
laay toppe soxnaam Yesabel sama
bakkani jaam ñépp: muy samay yonent,
man Aji Sax ji ak sama bakkani jaam ñi
dul yonent.
[8] Waa kër Axab yépp ay dee. Dinaa bóom
képp kuy colal te bokk ci waa kër Axab, ci
digg Israayil, muy gor di jaam.
[9] Dinaa def kër Axab tas, mel ni kër
Yerbowam doomu Nebat, mbaa kër Basa
doomu Axya.
[10] Yesabel moom, ay xaj a koy lekk ca
toolub Yisreel, kenn du ko suul.» Ba loolu
amee yonent bu ndaw ba ubbi bunt ba,
daw.

[11] Yewu génn, dellu ca moroomi
jawriñam ña. Ñu ne ko: «Mbaa jàmm? Lu
indi dof bii ci yaw?» Mu ne leen: «Ah, xam
ngeen nit kii aki waxam rekk!»
[12] Ñu ne ko: «Wax nu waay, bu nu nax!»
Mu ne leen nee na ko nàngam ak nàngam,
teg ca ne leen: «Mu ne: "Aji Sax ji nee: Diw
naa la, fal la buurub Israayil."»
[13] Ba mu ko defee ñu gaaw, summi seeni
mbubb ñoom ñépp, lalal ko ca kaw
dëggastal ya, ba noppi wal bufta ba* naa:
«Yewu falu na buur!»

## *Yewu fexeel na buur ya*

[14] Ba loolu amee Yewu doomu Yosafat
doomu Nimsi fexeel Yoram. Fekk na
Yoram ak waa Israayil yépp a ngay wattu
Ramot ga ca Galàdd, ndax Asayel buurub
Siri.
[15] Booba Buur Yoram moom dem na
Yisreel, fajuji ndax jam-jam ya ca xareem
baak Asayel buurub Siri. Yewu nag ne:
«Ndegam man ngeen àndal, bu kenn rëcce ci
biir dëkk bi, di nettaliji waa Yisreel.»
[16] Mu war watiir, jëm Yisreel, fekk
Yoram a nga fa woon tëdd ndax jam-jam
ya. Axasya buurub Yuda dikk, di ko seet.
[17] Ci biir loolu wattukat ba ca kaw tatay
Yisreel séen gàngoor ga Yewu àndal. Mu ne
Buur Yoram: «Séen naa gàngoor guy ñëw
de.» Yoram ne ko: «Yebalal gawar bu leen
gatandu, laaj leen ndax jàmm la.»
[18] Ci kaw loolu gawar ba gatanduji leen,
ne leen: «Buur nee: "Mbaa jàmm la?"»
Yewu ne ko: «Ana luy sa yoon ci jàmm laam
déet? Ayca, toppal sama gannaaw.»
Wattukat ba daldi yégle la xew, ne: «Ndaw
la àgg na ca ñoom de, waaye dëppul.»
[19] Yoram yebalaat beneen gawar. Ba mu
àggee ca ñoom, ne leen: «Buur nee: "Mbaa
jàmm?"» Yewu ne ko: «Ana luy sa yoon ci
jàmm laam déet? Ayca, sama gannaaw.»
[20] Ba loolu amee wattukat ba dellu yégle
la xew, ne: «Ndaw la àgg na ca ñoom de,
waaye dëppul. Te na kee di dawale mel na
ni Yewu doomu Nimsi, ndax dawalinu dof
lay dawal.»

[21] Ba mu ko defee Yoram ne: «Takkleen!»
Ñu takkal Yoram buurub Israayil
watiiram, mu génn ànd ak Axasya buurub
Yuda, ku nekk ak sa watiir; ñu dawal
dogaleji Yewu, taseek moom fa doonoon
toolub Nabot mu Yisreel†.
[22] Yoram jàkkaarlook Yewu, ne ko: «Yewu,
mbaa jàmm?» Yewu ne ko: «Ana nu jàmm
di ame te sa bàkkaaru bokkaaley ndey
Yesabel jógu fi, mook xërëmam yi ne xas?»

* **9.13 *bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal. † **9.21 *toolub Nabot mu Yisreel:*** seetal ci *1.Buur ya* saar 21.

23 Yoram ne wërëñ daw, àddu ca kaw, ne
Axasya: «Axasya, wor nañu nu!»
24 Yewu daldi sox fittam ak doole, fitt
Yoram ca diggante mbagg ya, mu génne ca
xol ba, Yoram ne lasiim ca watiiram.
25 Ba loolu amee mu ne jaraafam ba ñuy
wax Bitkar: «Foral sànni ci toolub Nabot
mu Yisreel. Yaa ngi fàttaliku ba nu bokkee
watiir maak yaw, topp ca baayam Axab te
Aji Sax ji rëbb ko ne ko:
26 “Aji Sax ji dafa wax ne: Deretu Nabot
ak deretu doomam yi déy, gis naa mu
tuuru fii démb. Kon nag dinaa la ko topp,
nga fey ko ci tool bii. Loolu la Aji Sax ji
wax‡.” Kon nag yóbbul sànni ci tool bi, muy
la Aji Sax ji waxoon.»
27 Axasya buurub Yuda gis loolu, daw
jaare ca yoonu Bet Gan, Yewu dàqi ko, tey
yuuxu naan: «Jamleen ko, moom itam.» Ñu
jam ko ca kaw watiiram ca yoon wa ngay
yéeg jëm Gur, ca wetu Yiblam. Mu daw ba
Megido, deewe foofa.
28 Ba loolu amee ay surgaam yeb ko ca
watiiram, yóbbu Yerusalem, ñu denc ko ca
bàmmeelam, fa ñu denc ay maamam, ca
gox ba ñu naan Kër Daawuda.
29 Ca fukkeelu at ak benn ca nguurug
Yoram doomu Axab la Axasya falu woon
buur ca Yuda.

### *Yesabel dee na*

30 Gannaaw loolu Yewu jubsi Yisreel,
Yesabel yaayu Buur dégg ko, tusngalu,
defaraat boppam, taxaw ca palanteer ba,
di séentu.
31 Naka la Yewu wees buntu dëkk ba, di
duggsi rekk, mu ne: «Mbaa jàmmee, Simri
mu ndaw, bóomkatub sangam§?»
32 Yewu séentu palanteer ba ne: «Ana ku
far ak man fii waay?» Ñaar ba ñetti
bëkk-néeg ne pëll ca kaw palanteer ba,
séentu ko.
33 Mu ne: «Sànnileen ko ci suuf.» Ñu jàpp
Yesabel, sànni ko fa suuf, deret ja tis ca
kaw taax maak fas ya; Yewu dëggaate néew
ba.
34 Ba loolu wéyee mu dugg ca biir kër ga,
lekk daldi naan ba noppi, ne: «Jubluleen ci
jigéen ju alku jee te suul koo waay, ndaxte
doomu buur la.»
35 Ba ñu demee, di ko suuli nag, fekkuñu
dara ca moom lu moy kaaŋ ma doŋŋ ak
ndëgguy tànk yaak cati loxo ya.
36 Ñu dellu wax ko Yewu, mu ne: «Loolu
moo doon kàddug Aji Sax ja mu waxoon,
Ilyaas mu Tisbi jaamam ba jottali ko, ne:
“Ci toolub Yisreel la xaj yi di lekke
Yesabel*.
37 Néewub Yesabel dina mel ni mbalit ci
àll bi, ci biir toolub Yisreel, ba kenn du
man ne: Kii Yesabel a.”»

# 10

### *Yewu bóom na waa kër Axab*

1 Buur Axab amoon na juróom ñaar
fukki doom yu góor ca Samari. Yewu bind
ay bataaxal, yónnee ca Samari ca kilifay
Yisreel ak mag ñaak dagi doomi Axab, ne
leen:
2 «Gannaaw yeenay wattu seen doomi
sang te yeena yor watiir yeek fas yi, dëkke
dëkk bi ñu wëraley tata, boole ci yore
gànnaay yi, bu ngeen dee jot ci bataaxal bii
rekk,
3 tànnleen ki gën te gën di jàmbaar ci seen
doomi sang, ngeen teg ko ci jalu baayam.
Su ko defee ngeen xeexal seen waa kër
sang.»
4 Ñu am tiitaange nag lool, daldi ne ca
seen biir: «Seetleen rekk ñaari buur a ngii
yu manula të Yewu; mbaa nun dinanu ko
mana të yee?»
5 Ba loolu amee ka yilif kër buur ak ka
yilif dëkk baak mag ñaak dag ya yónnee ca
Yewu, ne ko: «Nun say surga lanu, lépp loo
nu wax dinanu ko def. Dunu fal kenn
buur. Loo def baax na.»
6 Ba mu ko defee Yewu bind leen
ñaareelu bataaxal, ne leen: «Ndegam man
ngeen àndal te sama kàddu ngeen di topp,
dogleen seen boppi doomi sang yu góor te
fekk ma fii ci Yisreel nëgëni ëllëg.» Booba
doomi buur yu góor juróom ñaar fukk lañu,
nekk ak kàngami dëkk ba leen yar.
7 Ba bataaxal ba agsee, kàngam yooyu
boole doomi buur yu góor ya, rendi, ñuy
juróom ñaar fukki góor. Ñu yeb seeni bopp
ciy dàmba, yónnee Yewu ca Yisreel.

‡ **9.26** Seetal ci *1.Buur ya* 21.19. § **9.31** Seetal ci *1.Buur ya* 16.8-20. * **9.36** Seetal ci *1.Buur ya* 21.19.

[8] Ndaw la agsi ne ko: «Indi nañu boppi doomi buur ya.» Yewu ne: «Defleen ko ñaari jal ca buntu dëkk ba, ba ëllëg.»
[9] Ca ëllëg sa mu génn taxaw ca kanam mbooloo mépp ne: «Yeen defuleen dara. Man mii maa fexeel samab sang, rey ko. Waaye ana ku bóom ñii ñépp?
[10] Kon xamleen ne du lenn luy fanaan àll ci kàddug Aji Sax ji ci li mu wax ci waa kër Axab. Aji Sax ji sottal na la mu waxoon, Ilyaas jaamam ba jottali ko.»
[11] Ba mu ko defee Yewu rey mboolem ña desoon ca kër Axab ca Yisreel ak mboolemi kàngamam aki jegeñaaleem aki sarxalkatam, bàyyiwu ca kenn, mu rëcc.
[12] Gannaaw loolu Yewu fabu jëm Samari. Ba mu demee ba tollook Bet Eket, ca sàmm sa,
[13] daldi dajeek bokki Axasya buurub Yuda. Mu ne leen: «Yeenay ñan?» Ñu ne ko: «Bokki Axasya lanu. Danuy nuyuji doomi Buur Axab ak doomi Lingeer yaayu Buur.»
[14] Mu ne: «Jàppleen leen!» Ñu jàpp leen, dem rendi leen ca wetu teenu Bet Eket; ñuy ñeent fukk ak ñaar, bàyyiwuñu ca kenn, mu rëcc.
[15] Ba loolu wéyee Yewu bàyyikoo fa, gis Yonadab doomu Rekab, mu dikk dajeek moom. Mu nuyook moom, ne ko: «Mbaa ni ma fareek yaw te muy dëgg, ni nga fareek man te muy dëgg?» Yonadab ne ko: «Waawaaw.» Yewu ne ko: «Kon nag jox ma sa loxo!» Mu jox ko loxo; mu xëcc ko, yéege ko ca watiir ba,
[16] ne ko: «Ñëwal nu dem rekk, nga gis ni ma farloo ci mbiri Aji Sax ji.» Mu waral ko ci watiiram, yóbbu ko.
[17] Ba Yewu àggee Samari, daa rey mboolem ña desoon ca waa kër Axab ca Samari, raafal leen, muy la Aji Sax ji waxoon Ilyaas.

## *Yewu fiir na waa kër Baal*

[18] Ba mu ko defee Yewu woo mbooloo ma mépp, ne leen: «Axab tuuti la jaamu Baal. Man Yewu bu baax laa koy jaamu.
[19] Ayca, woolleen ma yonenti Baal yépp ak sarxalkatam yépp ak jaamukatam yépp. Bu kenn wuute, ndax sarax bu réy laay defal Baal. Képp ku ko wuute dina dee.»
Booba Yewoo ngi fexee nax ñiy jaamu Baal, ba rey leen.
[20] Yewu ne leen: «Beralleen Baal am ndaje.» Ñu yéene.
[21] Yewu nag yónnee ca Israayil gépp; mboolem ñay jaamu Baal dikk, kenn desul. Ci kaw loolu, ñu dugg kër Baal, ba kër ga fees dell.
[22] Yewu ne ka yor cummikaay la: «Képp kuy jaamu Baal, indil ko mbubb.» Mu indil leen ay mbubb.
[23] Ba loolu amee Yewu ànd ak Yonadab doomu Rekab, duggsi biir kër Baal. Mu ne jaamukati Baal ya: «Xoolleen bu baax, ba gis ne yéenu neen la, te jaamukati Aji Sax ji raxu leen, xanaa jaamukati Baal rekk.»
[24] Ña ngay dugg, ne dañuy def ay saraxi rendi-dóomal ak yeneen sarax. Fekk na Yewu teg ca biti juróom ñett fukki nit, ne leen: «Ku ci bàyyi kenn ci ñi ma leen reyloo, ba mu rëcc, sa bakkan ngay feye bakkanam.»
[25] Ba ñu noppee ca saraxi rendi-dóomal ya, Yewu ne dag yaak jawriñi xarekat ya: «Duggleen, rey leen. Bu kenn génn.» Ñu daldi leen leel ñawkay saamar, ñu daanu. Dag yaak jawriñ ya sànni néew ya ca biti, ba noppi dugg ca néegu Baal ba gëna biire.
[26] Ñu génne tuuri doj ya sampe woon ca kër Baal, lakk ko.
[27] Ñu daane jëmmi Baal ja, màbb kër Baal, boole ca, def kob sën, te moom la ba tey jii.
[28] Nii la Yewu raafale lu bokk ci Baal ci Israayil.
[29] Teewul mu baña dëddu bàkkaar ya Yerbowam doomu Nebat daan bàkkaarloo Israayil, ñuy jaamu ay sëlluy wurus la ko dale Betel, ba ba ngay àgg Dan.
[30] Aji Sax ji nag ne Yewu: «Gannaaw def nga lu baax, di jëfe li ma rafetlu te def nga waa kër Axab mboolem li ma bëggoon, saw askan dina toog ci jalub Israayil ba ca say sët-sëtaat.»
[31] Terewul Yewu amuloon pastéefu toppe léppi xolam yoonu Aji Sax ji Yàllay Israayil. Bàyyiwul ba tey bàkkaar ya Yerbowam daan bàkkaarloo Israayil.
[32] Ca jamono jooja nag la Aji Sax ji tàmbalee fell suufas Israayil, Asayel buurub Siri di leen duma ca réew ma mépp.

33 Noonu lañu ñàkke fa féete dexu
Yurdan penku dale ca diiwaanu Galàdd
bépp, boole ca suufas waa Gàdd ak waa
Ruben ak waa Manase. Mooy la tàmbalee
dëkk ba ñuy wax Arower ca kaw dexu
Arnon ba ca diiwaanu Galàdd ak Basan.
34 Li des ci mbiri Yewu ak mboolem lu
mu def ak njàmbaaram gépp, bindees na ko
moos ci téere bi ñu dippee Jaloorey buuri
Israayil ca seeni jant.
35 Noonu Buur Yewu saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca Samari. Doomam
Yowaxas falu buur, wuutu ko.
36 Diir bi Yewu nguuru ci Israayil,
Samari di péeyam, ñaar fukki at la ak
juróom ñett.

# 11

## *Lingeer Atalyaa falu na Yuda*

1 Ci kaw loolu Atalyaa yaayu Axasya
xam ne doomam ju góor dee na, mu daldi
bóom mboolem ku bokk ci askanu buur.
2 Teewul jigéenub Axasya, Yoseba
doomu Buur Yexoram, jàpp Yowas doomu
Axasya ju góor, jële ko ca biir doomi buur
ya ñuy fexee rey, rawale ko. Ci kaw loolu
mu boole kook ab nàmpalkatam, tëj leen cib
néeg ngir làq leen Atalyaa, ba kenn reyu
ko.
3 Yowas nekk naak Yoseba fa kër Yàlla
ga, làqu fa juróom benni at, te Atalyaa di
nguuru fa réew ma.

## *Yuda bañ na*

4 Ca atum juróom ñaareel ma, Yoyada
woolu waa Keret ya jiite kuréeli téeméeri
nit, ak yeneen dag ya, ñu wuyusi ko ca kër
Aji Sax ji. Mu fasook ñoom kóllëre, giñloo
leen ca kër Aji Sax ji, ba noppi nuyole leen
ak doomu Buur.
5 Ci kaw loolu mu sant leen ne leen: «Li
ngeen di def mooy lii: Yeen ñi aye liggéey
bésub Noflaay, na seen xaajub ñetteel
sàmm ndénkaaneb kër buur,
6 beneen xaajub ñetteel ba wattu buntu
Sur ba, xaajub ñetteel ba ca des féeteek
bunt ba ca gannaaw dag ya. Noonu ngeen
di ay-ayloo wattub kër buur.
7 Seen yeneen ñaari kuréel yi ayewul
bésub Noflaay, nañu wattusi kër Aji Sax ji,
ngir aar buur bi.
8 Yeen ñiy dar Buur, fegleen ko wet gu
nekk, ku nekk ŋàbb ngànnaayam. Képp ku
jëm ci seenug làng, dees koy rey. Àndleen
ak Buur ak fu mu mana jëm.»
9 Ci kaw loolu njiiti kuréeli téeméer ya
def mboolem la leen Yoyada sarxalkat ba
sant. Ku nekk ànd ak say nit, ña aye bésub
Noflaay ak ña wàcc bésub Noflaay, ñu bokk
dikk ca Yoyada, sarxalkat ba.
10 Ba loolu amee, sarxalkat ba jox njiiti
kuréeli téeméer ya, xeej yaak pakki Buur
Daawuda ya nekkoon ca biir kër Aji Sax ji.
11 Dag ya nag dar buur ba, ku nekk ŋàbb
ay gànnaayam, ñu dare kër Yàlla ga ak
sarxalukaay ba, wetu ndijoor ba wetu
càmmoñ, ngir yéew buur ba.
12 Yoyada génne doomu buur ba, solal ko
mbaxanam buur, jox ko kayitu doxalinu
nguur ga; ñu fal ko nag buur, diw ko
diwug pal, ñu daldi tàccu, ne: «Guddaluw
fan, Buur!»
13 Ba Atalyaa déggee coowal dag yaak
mbooloo ma, daa àgg ca mbooloo ma, fa
kër Aji Sax ji.
14 Mu xool, yem ci buur ba taxaw fa
kenu ga, na ñu ko baaxoo, kilifay xarekat
yaak boroom liit ya dar Buur, waa réew
ma mépp di bànneexooka wal liit ya.
Atalyaa ne tareet ay yéreem ndaxu naqar,
daldi yuuxu ne: «Wor am naay! Wor am
na!»
15 Ci kaw loolu Yoyada sarxalkat ba sant
njiiti kuréeli téeméer ya, kilifay gàngoor ga,
ne leen: «Génneleen ko làng gi, te ku ko
topp, jamleen ko, mu dee.» Fekk na
Yoyada ne buñu ko rey ci biir kër Aji Sax ji.
16 Ba mu ko defee ñu teg ko loxo. Ba mu
demee ba àgg kër buur, bay tollook fa fas
yay dugge, foofa lañu ko reye.
17 Ba loolu amee Yoyada digoo kóllëre
diggante Aji Sax ji ak Buur baak askan wa,
ngir ñu doon ñoñi Aji Sax ji. Mu digoo ko
itam diggante Buur ak askan wa.
18 Ci kaw loolu waa réew ma mépp ànd
dem ca kër ga ñuy jaamoo Baal. Ñu màbb
ko, ay sarxalukaayam ak jëmmi nataalam,
ñu tas tasar, Matan sarxalkatu Baal ba, ñu
rey ko ca kanam sarxalukaay ya. Ci biir
loolu Yoyada sarxalkat ba teg ay wattukat
ca kër Aji Sax ji.

19 Mu dellu nag woo njiiti téeméeri nit
yaak waa Keret ñaak yeneen dag yaak
mboolem waa réew ma, ñu jële Buur kër
Aji Sax ji, jaare ca buntu dag ya, yóbbu ko
kër buur. Yowas daldi toog ca ngànguney
buur ya.
20 Waa réew mépp di bànneexu, Péey ba
am jàmm ndax la ñu jam Atalyaa saamar
ba mu dee ca kër buur.

# 12

## *Yowas santaane na ñu defaraat kër Aji Sax ji*

1 Juróom ñaari at la Yowas amoon ba
muy falu buur.
2 Ca juróom ñaareelu atu nguurug Yewu
buurub Israayil, ca la Yowas falu ca Yuda.
Ñeent fukki at la nguuru fa Yerusalem.
Yaayam mooy Cibya ma cosaanoo
Beerseba.
3 Yowas di def li Aji Sax ji rafetlu
mboolem diir ba muy wéy ci ndigalal
Yoyada.
4 Terewul bérebi jaamookaay ya jëleesu
ko fa. Mbooloo ma dañoo wéy di fa def ay
sarax aka taal cuuraay.
5 Mu am bés mu wax sarxalkat ya ne
leen: «Mboolem xaalis bu ñu sellalal kër Aji
Sax ji, muy xaalisu njot-gi-bakkan*, mbaa
xaalis bu ñu wàccoo ngiñ, mbaa bépp
xaalisu saraxu yéene bu nit di indi kër Aji
Sax ji,
6 na ko sarxalkat bu nekk nangoo ci
seen loxoy xame, ngir ñu liggéeye ko kër
Yàlla gi, fépp fu fi laaj ñu defaraat ko.»
7 Fekk na Yowas dugg ci ñaar fukkeelu
atu nguuram ak ñett, te taxul sarxalkat ya
defarluwaat lenn ci kër Aji Sax ji.
8 Buur Yowas woolu Yoyada, sarxalkat
ba ak yeneen sarxalkat ya, ne leen: «Ana
lu waral defaruleen lenn ci kër Aji Sax ji?
Léegi nag buleen nangooti xaalis ci seeni
xame, waaye joxeleen ko, ñu defare ko kër
Aji Sax ji.»
9 Sarxalkat ya déggal ko, jëlatuñu xaalis
ci mbooloo mi, sasootuñu liggéeyu
defaraat kër Aji Sax ji.
10 Ba mu ko defee Yoyada sarxalkat ba
wut waxande, bënn pax ca kubeer ga, teg
ko ca wetu sarxalukaay ba, fa féete
ndijoor, booy duggsi ci kër Aji Sax ji.
Sarxalkat yay wattu bunt ba di def ca
waxande wa mboolem xaalis bu ñu indi
ca kër Aji Sax ji.
11 Ci kaw loolu saa yu ñu gisee ne xaalis
bu takkoo ngi ci waxande wi ci kër Aji Sax
ji, bindkatub Buur ànd ak sarxalkat bu
mag ba dikk, waññ ko, fas ko.
12 Bu ñu takkee limu xaalis ba, teg ko ca
loxoy ña ñu tabb, ñu wara saytu liggéeyu
kër Aji Sax ji. Su ko defee ñu fey ca ñay
liggéey ca kër Aji Sax ji, muy liggéeykatu
bant yaak yeneen liggéeykat ya,
13 ak tabaxkat yaak yattkati doj ya, jënd
ca bant ak doji yatt yi ñu soxla ci defarub
kër Aji Sax ji, ak mboolem lu ñuy jënd ngir
defar kër Aji Sax ji.
14 Waaye xaalis bi ñuy indi ci kër Aji Sax
ji defaraluñu ci kër Aji Sax ji ay mbalkay
xaalis mbaa ay paakaaki këllu tuuru mbaa
ay liit ak lenn luy jumtukaayu wurus
mbaa xaalis.
15 Ñi yor liggéey bi daal lañu ko jox ngir
ñu defaraat kër Aji Sax ji.
16 Soxlawuñu woona laaj dara nit ñi ñuy
teg xaalis bi ci seeni loxo ngir ñu fey
liggéeykat yi, ndax màndu ga ñu daan jëfe.
17 Xaalisu saraxu peyug tooñ nag ak
xaalisu saraxu póotum bàkkaar daawuñu
ko indi ci kër Aji Sax ji. Sarxalkat yaa ko
moomoon.

## *Buur Yowas jeexal na*

18 Ca jamono yooyu Asayel buurub Siri
dem na songi Gaat, nangu ko, doora
walbatiku nara dal ci kaw Yerusalem.
19 Buur Yowas nag dajale mboolem
gànjar ga maamam ya, Yosafat ak Yexoram
ak Axasya, jagleeloon Aji Sax ji, boole ca
gànjar ga mu ko jagleeloon moom ci
boppam, ak lépp luy wurus ca dencukaayi
kër Aji Sax jeek kër buur. Mu yónnee lépp
Asayel buurub Siri, mu dëpp, bàyyi
Yerusalem.
20 Li des ci mbiri Yowas ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ci téere bi ñu
dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
21 Gannaaw gi, ay jawriñam fexeel ko ba
bóom ko ca Bet Milo ca yoonu Sila.

* **12.5 *xaalisu njot-gi-bakkan:*** seetal ci *Mucc ga* 30.11-16.

22 Jawriñam ya ñuy wax Yosabàdd
doomu Simeyat ak Yewosabàdd doomu
Somer, ñoo ko jam, mu dee; ñu denc ko fa
ay maamam ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda. Doomam Amaciya falu buur,
wuutu ko.

# 13

*Yowaxas falu na ci Israayil*

1 Ba doomu Axasya, Yowas buurub
Yuda duggee ca ñaar fukkeelu atam ak ñett
ci nguuram, ca la Yowaxas doomu Yewu
falu buur ca Israayil, Samari di péeyam.
Nguuru na fukki at ak juróom ñaar.
2 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, topp ci tànki
Yerbowam doomu Nebat, di ko roy ci
bàkkaar ya mu daan bàkkaarloo Israayil,
bañ koo dëddu.
3 Merum Aji Sax ji nag ne jippét ca kaw
Israayil, mu teg leen lu yàgg ci loxoy
Asayel buurub Siri ak Ben Addàd doomu
Asayel.
4 Yowaxas nag tinu Aji Sax ji, mu nangul
ko, ndax fekk na mu gis fitnay Israayil ji
leen buurub Siri fitnaal.
5 Aji Sax ji daldi may Israayil ku leen
xettali, ba ñu génn ca loxol waa Siri. Ba
loolu amee waa Israayil dellu nekk ca
seeni kër ci jàmm, na woon démb ak
bërki-démb.
6 Taxul ba tey ñu dëddu bàkkaari waa kër
Yerbowam ya ñu doon bàkkaarloo Israayil.
Dañu caa sax. Te it xer wa ñuy jaamoo
Aseraa nga sampe woon ca Samari ba
booba.
7 Mujj na Yowaxas desewuloon ca
gàngooru xareem lu moy juróom fukki
gawar ak fukki watiir ak fukki junniy
xarekat (10 000), ndax buurub Siri moo rey
ña ca des ñépp, duma leen ba ñu ne mbëtt.
8 Li des ci mbiri Yowaxas ak mboolem lu
mu def aki njàmbaaram, bindees na lépp
moos ci téere bi ñu dippee Jaloorey buuri
Israayil ca seeni jant.
9 Ba mu ko defee Buur Yowaxas saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko ca Samari.
Doomam Yowas falu buur, wuutu ko.

*Yowas falu na ca Israayil*

10 Ba Yowas buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak juróom ñaar,
ca la Yowas doomu Yowaxas falu buurub
Israayil, Samari di péeyam. Nguuru na
fukki at ak juróom benn.
11 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu nag,
dëdduwul lenn ci bàkkaar ya Yerbowam
doomu Nebat doon bàkkaarloo Israayil. Da
caa sax kay.
12 Li des ci mbiri Yowas ak mboolem lu
mu def ak njàmbaar ga mu xareek
Amaciya buurub Yuda, bindees na lépp
moos ci téere bi ñu dippee Jaloorey buuri
Israayil ca seeni jant.
13 Buur Yowas nag saay, fekki ay
maamam, Yerbowam falu, wuutu ko. Ñu
denc Yowas fa ñu denc buuri Israayil ca
Samari.

*Yonent Yàlla Alyaasa faatu na*

14 Ba Alyaasa tëddee ca wopp ja ko wara
yóbbu, Yowas buurub Israayil seeti ko,
tiim ko, di jooy naan: «Éy baayoo, baay
Alyaasa, yaay watiiru xarey Israayil aki
gawaram!»
15 Alyaasa ne ko: «Indil xala aki fitt.» Mu
indi.
16 Alyaasa ne ko: «Soxal.» Mu sox.
Alyaasa teg ay loxoom ca kaw loxoom,
17 ba noppi ne ko: «Ubbil palanteeru
penku bi.» Mu ubbi. Alyaasa ne ko:
«Soqil!» Mu soqi. Mu ne ko: «Fittu ndamal
Aji Sax jaa ngoog, di fitt gi ngay ame ndam
ci waa Siri. Dinga daan waa Siri ca Afeg,
ba faxas leen.»
18 Mu delluwaat ne ko: «Jëlal fitt yi.» Mu
jël. Mu ne ko: «Soqil fi suuf!» Mu soqi, ba
muy ñetti yoon, bàyyi.
19 Góorug Yàlla ga nag mere ko, ne ko:
«Soo jamoon juróomi yoon ba juróom
benni yoon, dinga daan waa Siri, ba jeexal
leen tàkk; waaye léegi nag ñetti yoon rekk
ngay daan waa Siri.»
20 Gannaaw gi, Alyaasa faatu, ñu denc
ko.
Loolu fekk na ndoortel at mu jotaan ay
gàngoori yàqkati Mowabeen dugg ca réew
ma.
21 Mu am bés ay nit doon rob, jekki-jekki
gis gàngooru yàqkat di dikk. Ñu sànni néew
ba ca bàmmeelu Alyaasa, daldi daw. Naka
la néew ba dal ca yaxi Alyaasa, rekk dekki,
ne ñokket, taxaw.

*Israayil duma na Siri*

22 Ci kaw loolu Asayel buurub Siri di
fitnaal Israayil mboolem diir ba Yowaxas
di buur.
23 Aji Sax ji nag baaxe leen, yërëm leen,
geesu leen ndax kóllëreem ak Ibraaymaak
Isaaxaak Yanqóoba. Looloo tax bëggu
leena sànk, te ba tey jii xalabu leen.
24 Ba Asayel buurub Siri deewee,
doomam Ben Addàd falu, wuutu ko.
25 Ba mu ko defee Yowas doomu
Yowaxas nangoo ci moom dëkki Israayil ya
Asayel jële woon ca loxol baayam Yowaxas
ci xare. Ñetti yoon Yowas duma na ko Ben
Addàd, ba nanguwaat dëkki Israayil.

# 14

## *Buuri Israayil ak Yudaa ngi xeexoo*

1 Ba buurub Israayil Yowas doomu
Yowaxas duggee ca ñaareelu atu nguuram,
ca la Amaciya doomu Yowas falu buur ca
Yuda.
2 Ñaar fukki at ak juróom la amoon ba
muy falu, te ñaar fukki at ak juróom ñeent
la nguuru fa Yerusalem. Yaayam moo
doon Yowadan ma cosaanoo Yerusalem.
3 Def na njub gi Aji Sax ji rafetlu, waaye
dabul Daawuda maamam. Mboolem
noonee Yowas baayam daan jëfe, na la
daan jëfe.
4 Terewul bérebi jaamookaay ya jëleesu
ko fa. Mbooloo ma dañoo wéy di fa def ay
sarax aka taal cuuraay.
5 Ba nguur ga demee ba dëgër ci loxoom,
mu bóom jawriñam ña bóomoon Buur
baayam.
6 Waaye doomi bóomkat ya, bóomu leen,
ngir dëppook la ñu bind ci téereb yoonu
Musaa, te Aji Sax ji santaane ko, ne:
«Deesul rey baay ndax doom te deesul rey
doom ndax baay. Nit ku nekk, bàkkaaru
boppam lees koy reye*.»
7 Moom Amaciya moo duma fukki
junniy (10 000) waa Edom ca xuru Xorom
wa, nangu dëkk ba ñuy wax Sela ca xare
ba, tudde ko Yogteel, te noonu la tudd ba
bésub tey jii.
8 Ba loolu amee Amaciya yónni ay ndaw
ca buurub Israayil Yowas doomu Yowaxas
doomu Yewu. Mu ne ko: «Dëkk naa la,
dikkal nu jàkkaarloo!»
9 Yowas buurub Israayil yónnee Amaciya
buurub Yuda tontam, ne ko: «Ndég ga ca
Libaŋ moo yónnee woon ca garabu seedar
gu mag ga ca Libaŋ, ne ko: “Sa doom jii,
may ko sama doom jabar.” Ci kaw loolu
rabu àllu Libaŋ jaare fa, dëggaate ndég ga.
10 Dëgg la moos, yaa duma Edom, ba tax
nag sam xel jay la. Tee ngaa damu te toog
sa kër? Te sax ana looy dugge ci jote buy
indi ay wu lay daane, yaw, daanewaale
Yuda?»
11 Amaciya nag faalewul wax jooju,
Yowas buurub Israayil jóg; ñu jàkkaarloo
mook Amaciya buurub Yuda, ca Bet
Semes ga ca Yuda.
12 Ba mu ko defee muy jéllu Yuda fa
kanam Israayil. Waa Yuda tasaaroo, ku
nekk ñibbi ca sab xayma.
13 Yowas buurub Israayil nag jàpp
buurub Yuda, Amaciya doomu Yowas
doomu Axasya†, ca Bet Semes. Gannaaw
loolu mu dem Yerusalem daldi màbb tata
ja, la ko dale buntu Efrayim ba ca buntu
Ruq ba, muy ñeenti téeméeri xasab‡.
14 Ci kaw loolu mu jël mboolem lu doon
wurus ak xaalis aki ndab ca kër Aji Sax ja
ak ca denci kër buur, boole ca nit ñu mu
jàpp, daldi dellu Samari.

## *Yowas buurub Israayil saay na*

15 Li des ci mbiri Yowas ak li mu def ba
ci njàmbaaram gi mu xareek Amaciya
buurub Yuda, bindees na lépp moos ci
téere bi ñu dippee Jaloorey buuri Israayil
ca seeni jant.
16 Gannaaw gi, Buur Yowas saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko Samari, fa
bàmmeelu buuri Israayil. Doomam
Yerbowam falu buur, wuutu ko.

## *Amaciya buurub Yuda saay na*

17 Amaciya doomu Yowas buurub Yuda
dund na fukki at ak juróom gannaaw
deewug buuru Israayil Yowas doomu
Yowaxas.
18 Li des ci mbiri Amaciya, bindees na
ko moos ci téere bi ñu dippee Jaloorey
buuri Yuda ca seeni jant.

* **14.6** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 24.16. † **14.13** ***Axasya*** ak Yowaxas, kenn ki la. ‡ **14.13** ***xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

19 Lalal nañu ko pexe ca Yerusalem, mu
daw dem Lakis. Ñu yónnee dabi ko ca
Lakis, foofa lañu ko reye.
20 Ba mu ko defee ay fas lañu yóbboo
néew ba, denci ko Yerusalem, fa ay
maamam, ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda.
21 Ba loolu wéyee waa Yuda gépp fal
Asaryaa§ buur, mu wuutu baayam
Amaciya, fekk mu am fukki at ak juróom
benn.
22 Moom moo tabaxaat dëkk ba ñuy wax
Elat, delloo ko ci biir Yuda, gannaaw ba
Buur Amaciya saayee, fekki ay maamam.

## *Yerbowam mu ndaw falu na ca Israayil*

23 Ba buurub Yuda Amaciya doomu
Yowas duggee ca fukkeelu atu nguuram
ak juróom, ca la Yerbowam doomu Yowas
falu ca Israayil, Samari di péeyam. Nguuru
na ñeent fukki at ak benn.
24 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, dëdduwul
lenn ci bàkkaar ya Yerbowam doomu
Nebat daan bàkkaarloo Israayil.
25 Moom moo delloo kemu réewum
Israayil fa mu nekkoon, dale ko ca buntu
dëkk ba ñuy wax Amat ba ca géeju Xorom,
muy la Aji Sax ji Yàllay Israayil waxoon
jaamam ba, Yonent Yàlla Yunus ma
baayam Amitay cosaanoo Gaat Efer,
Yunus jottali ko.
26 Fekk na Aji Sax ji gis Israayil gépp, gor
ak jaam, nekke fitna ju metti te amul kenn
ku leen wallu.
27 Aji Sax ji nag nammul woona far turu
Israayil, ba jant bi dootu ko tiim fenn.
Moo tax mu may leen ku leen xettali, muy
Yerbowam doomu Yowas.
28 Li des ci mbiri Yerbowam ak
mboolem lu mu def ak njàmbaaram gi mu
xaree te nangoo ko dëkk yi ñuy wax
Damaas ak Amat gu Yuda, delloo ko
Israayil, bindees na lépp moos ci téere bi
ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ci seeni
jant.
29 Gannaaw gi, Buur Yerbowam saay,
fekki maamam ya doon buuri Israayil.
Doomam Sàkkaryaa* falu buur, wuutu ko.

# 15

## *Asaryaa falu na buur ca Yuda*

1 Ba Yerbowam buurub Israayil duggee
ca ñaar fukkeelu at ak juróom ñaar ci
nguuram, ca la Asaryaa* doomu Amaciya
falu buur ca Yuda.
2 Fukki at ak juróom benn la amoon, ba
muy falu buur, te nguuru na juróom fukki
at ak ñaar ca Yerusalem. Yaayam mooy
Yekolyaa ma cosaanoo Yerusalem.
3 Asaryaa di def li Aji Sax ji rafetlu,
mboolem noonee ko Amaciya baayam
daan defe.
4 Terewul bérebi jaamookaay ya jëleesu
ko fa. Mbooloo ma dañoo wéy di fa def ay
sarax aka taal cuuraay.
5 Aji Sax ji nag mbugal Asaryaa, teg ko
jàngoroy ngaana ba kera bés ba mu
deewee. Ci néeg bu ñu ko ber la mujj dëkk.
Yotam doomu Buur moo jiite kër ga, yor
kilifteefu askanu réew ma.
6 Li des ci mbiri Asaryaa ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ci téere bi ñu
dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
7 Gannaaw gi, Buur Asaryaa saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko fa weti maamam
ya, ca gox ba ñu naan Kër Daawuda.
Yotam doomam moo falu buur, wuutu ko.

## *Sàkkaryaa falu na buur ca Israayil*

8 Ba Asaryaa buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak juróom ñett,
ca la Sàkkaryaa doomu Yerbowam falu
buurub Israayil, Samari di péeyam. Juróom
benni weer la nguuru.
9 Muy def nag li Aji Sax ji ñaawlu, na ko
ay maamam daa defe. Dëdduwul bàkkaar
yu Yerbowam doomu Nebat daan
bàkkaarloo Israayil.
10 Ci kaw loolu Salum doomu Yabes
fexeel ko, jam ko ca kanam mbooloo ma,
rey ko, daldi falu buur, wuutu ko.
11 Li des ci mbiri Sàkkaryaa bindees ko
moos ci téere bi ñu dippee Jalooreу buuri
Israayil ca seeni jant.
12 Loolu mooy kàddu ga Aji Sax ji
waxoon Yewu ne ko: «Saw askan dinañu
toog ci kaw jalu Israayil ba ci sa sët-sëtaat.»
Te noonu la amee.

§ **14.21** ***Asaryaa*** mooy Osiyas ba tey. * **14.29** ***Sàkkaryaa*** mii wuute naak Yonent Yàlla Sàkkaryaa. * **15.1** ***Asaryaa*** mooy Osiyas ba tey.

### *Salum falu na buur ca Israayil*

13 Ba Asaryaa buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak juróom
ñeent, ca la Salum doomu Yabes falu buur
ca Israayil. Wenn weer la nguuru, Samari
di péeyam.
14 Gannaaw loolu Menayem doomu
Gadi bàyyikoo Tirca, ñëw ba Samari, daldi
fa jam Salum doomu Yabes, bóom ko, falu
buur, wuutu ko.
15 Li des ci mbiri Salum ak pexeem ma
mu laloon, bindees na ko moos ca téere bi
ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.
16 Booba la Menayem song dëkk ba ñuy
wax Tifsax, rey ña fa nekkoon ñépp,
dumawaale waa diiwaan ba dale Tirca ba
Tifsax, ndax ñoo ko gàntal, bañ koo ubbi
buntu dëkk ba. Mu butti jigéeni wérul ña fa
nekk ñépp.

### *Menayem falu na buur ca Israayil*

17 Ba Asaryaa buurub Yuda duggee ca
fanweereelu atu nguuram ak juróom
ñeent, ca la Menayem doomu Gadi falu
buurub Israayil. Nguuru na fukki at ca
Samari.
18 Muy def nag li Aji Sax ji ñaawlu; giiru
dundam dëdduwul bàkkaar ya Yerbowam
doomu Nebat daan bàkkaarloo Israayil.
19 Ci jamonoom la Tiglaat Pilser† buurub
Asiri song réew ma, Menayem jox ko ñetti
téeméeri barigoy xaalis ak ñeent fukk (340)
ngir mu jàppale ko, ba nguuram gëna dëgër.
20 Menayem dajale xaalis boobu ci
Israayil; jële ko ca mboolem boroom alal
ya, ku nekk ci ñoom joxe juróom fukki dogi
xaalis, ñu yót ko buuri Asiri, mu doora
jóge ca réew ma, ñibbi.
21 Li des ci mbiri Menayem ak mboolem
lu mu def, bindees na ko moos ci téere bi
ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.
22 Gannaaw loolu Buur Menayem saay,
fekki ay maamam. Doomam Pekaxya falu
buur, wuutu ko.

### *Pekaxya falu na buur ca Israayil*

23 Ba Asaryaa buurub Yuda duggee ca
juróom fukkeelu atu nguuram, ca la
Pekaxya doomu Menayem falu buurub
Israayil, Samari di péeyam. Nguuru na
ñaari at.
24 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, dëdduwul
bàkkaar ya Yerbowam doomu Nebat daan
bàkkaarloo Israayil.
25 Ba mu ko defee Peka doomu kilifag
xarekatam Remalya, fexeel ko, ba rey ko
ca Samari, ca tatay kër buur, jamaale
Argob ak Arye. Remalyaa nga àndoon ak
juróom fukki niti Galàdd. Noonu la ko
reye, falu buur, wuutu ko.
26 Li des ci mbiri Pekaxya ak mboolem
lu mu def, bindees na ko moos ci téere bi
ñu dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.

### *Peka falu na buur ca Israayil*

27 Ba Asaryaa buurub Yuda duggee ca
juróom fukkeelu atu nguuram ak ñaar, ca
la Peka doomu Remalyaa falu buurub
Israayil, Samari di péeyam. Nguuru na
ñaar fukki at.
28 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, dëdduwul
bàkkaar ya Yerbowam doomu Nebat daan
bàkkaarloo Israayil.
29 Ci jamonoy Peka buurub Israayil,
Tiglaat Pilser buurub Asiri dikk, nangu
dëkk yi ñuy wax Yon ak Abel Bet Maaka ak
Yanowax ak Kedes ak Àccor ak diiwaani
Galàdd ak Galile ak mboolem réewum
Neftali. Mu jàpp waa réew ma, yóbbu Asiri.
30 Ba loolu amee ku ñuy wax Ose doomu
Ela lalal Peka doomu Remalya pexe, jam
ko mu dee. Mu daldi falu buur, wuutu ko.
Loolu yemook ñaar fukkeelu atu nguurug
buurub Yuda Yotam doomu Asaryaa.
31 Li des ci mbiri Peka ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ci téere bi ñu
dippee Jaloorey buuri Israayil ca seeni
jant.

### *Yotam falu na buur ca Yuda*

32 Ba buurub Israayil Peka doomu
Remalya duggee ca ñaareelu atu nguuram,
ca la Yotam doomu Asaryaa‡ falu buur ca
Yuda.
33 Amoon na ñaar fukki at ak juróom ba
muy falu te nguuru na fukki at ak juróom
benn ca Yerusalem. Yaayam mooy Yerusa
doomu Cadog.

† **15.19** ***Tiglaat Pilser*** mbaa Pul ba tey. ‡ **15.32** ***Asaryaa*** mooy Osiyas ba tey.

34 Muy def li Aji Sax ji rafetlu; mboolem
na Asaryaa baayam daan defe la daan
defe.
35 Terewul bérebi jaamookaay ya jëleesu
ko fa. Mbooloo ma dañoo wéy di fa def ay
sarax aka taal cuuraay. Moom nag moo
tabax buntu kër Aji Sax ja féete bëj-gànnaar.
36 Li des ci mbiri Yotam aki jëfam,
bindees na ko moos ca téere ba ñu dippee
Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
37 Ci jamonoom la Aji Sax ji tàmbalee
xabtal Reccin buurub Siri ak Peka doomu
Remalya ci kaw Yuda.
38 Gannaaw gi, Buur Yotam saay, fekki
ay maamam. Ca bàmmeelu maamam ya
lees ko denc, ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda maamam. Axas doomam moo
falu buur, wuutu ko.

# 16

## *Axas falu na buur ca Yuda*

1 Ba buurub Israayil Peka doomu
Remalya duggee ca fukkeelu atu nguuram
ak juróom ñaar, ca la Axas doomu Yotam
falu buur ca Yuda.
2 Ñaar fukki at la Axas amoon ba muy
falu buur. Nguuru na fukki at ak juróom
benn ca Yerusalem, waaye deful li Aji Sax
ji Yàllaam rafetlu, na ko maamam
Daawuda baaxoo woon.
3 Ca tànki buuri Israayil la topp.
Doomam ju góor sax lakk na ko, defal ko
sarax tuur ya, di roy ñaawtéefi xeet ya Aji
Sax ji dàqoon ngir bànni Israayil.
4 Rendi nay sarax, taal na cuuraay ca
bérebi jaamookaay ya ak ca kaw tund ya
ak mboolem ker garab gu naat.
5 Ci kaw loolu Reccin buurub Siri, ak
buurub Israayil Peka doomu Remalya, jóg
song Yerusalem xare. Ñu gaw Buur Axas,
te manuñu koo daan.
6 Jamono yooyu, fekk na Reccin nangu
Elat, mu tàbbi ci loxol Siri. Mu génne waa
Yuda Elat; Edomeen ña délsi Elat, dëkk fa
ba bésub tey jii.
7 Axas nag yebal ay ndaw ca Tiglaat
Pilser buurub Asiri, ne ko: «Man de, dama
di sab jaam, te di sa doom. Kon nag ngalla
dikkal xettali ma ci ñi ma jógal, di buurub
Siri ak buurub Israayil.»
8 Axas jël xaalis ak wurus wa nekkoon
ca kër Aji Sax ja ak ca denci kër buur, defal
ko buurub Asiri yóbbal.
9 Buurub Asiri nangul ko, dal ca kaw
Damaas, nangu dëkk ba, jàpp waa dëkk ba,
yóbbu Kir, ba noppi rey Reccin.

10 Gannaaw loolu Buur Axas dem ca
Tiglaat Pilser buurub Asiri ca Damaas, gis
fa sarxalukaay ba fa nekk. Ba mu ko defee
Buur Axas yónnee Uri sarxalkat ba nataalu
sarxalukaay ba ak tabaxin waak
mboolem na mu bindoo.
11 Uri sarxalkat ba daldi tabax
sarxalukaay bu dëppook mboolem tegtal
ya bàyyikoo ca Buur Axas ca Damaas. Uri
daldi àggale liggéey ba, bala Buur Axas di
ñibbisi.
12 Ba Buur Axas ñibbisee, jóge Damaas,
ba nemmiku sarxalukaay ba, daa dikk ba
ca sarxalukaay ba, joxe fa sarax.
13 Taal na fa saraxu rendi-dóomalam,
joxe ca saraxu peppam, sotti ca saraxu
tuuroom, ba noppi xëpp deretu saraxu
cantam ci biir jàmm ca kaw sarxalukaay
ba.
14 Sarxalukaayu xànjar ba tege woon ca
kanam Aji Sax ji, mu jële ko ca kanam kër
ga mu nekkoon, ca diggante sarxalukaay
bu bees baak kër Aji Sax ji, teg ko ca wetu
sarxalukaay bu bees ba, fa féete
bëj-gànnaar.
15 Ci biir loolu Buur Axas sant Uri
sarxalkat ba ne ko: «Ci kaw sarxalukaay
bu mag bi ngay lakke saraxu
rendi-dóomalu suba si ak saraxu pepp bu
ngoon bi ak saraxu rendi-dóomalu buur bi
ak saraxu peppam. Nanga ci boole saraxu
rendi-dóomal bi ñuy joxeel mboolem waa
réew mi, ak seen saraxu pepp ak seen
saraxu tuuru. Te nga xëpp ci kawam
mboolem deretu saraxu rendi-dóomal bi
ak deretu mboolem sarax su ñuy rendi.
Sarxalukaayu xànjar bi moom, maa koy
moom, di ko gindikoo ci Aji Sax ji.»
16 Uri sarxalkat ba def la ko Buur Axas
sant lépp.

17 Ci kaw loolu Buur Axas toj làcci
rootukaay* ya ñuy dawal, jële bagaan ya
woon ca kaw, teggi mbalka mu mag ma

* **16.17 *làcci rootukaay:*** seetal ci *1.Buur ya* 7.27-29.

ñuy wax Géej te tege woon ca yëkki xànjar
ya ko yenu. Mu teg ko ci kaw ab dëru doj.
18 Ci kaw loolu bëgg lu neex buurub
Asiri tax mu soppi buntu bésub Noflaay ba
mbaar tiimoon ci biir kër Aji Sax ji,
soppiwaale buntu buur ba féete biti.
19 Li des ci mbiri Axas ak la mu def,
bindees na ko moos ci téere bi ñu dippee
Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
20 Gannaaw gi, Buur Axas saay, fekki ay
maamam. Ca ay maamam lañu ko denc,
ca gox ba ñu naan Kër Daawuda. Esekiyas
doomam falu buur, wuutu ko.

# 17

### *Ose falu na buur ca Israayil*

1 Ba Axas buurub Yuda duggee ca
fukkeelu atu nguuram ak ñaar, ca la Ose*
doomu Ela falu buurub Israayil, Samari di
péeyam. Nguuru na Israayil juróom ñeenti
at,
2 di def li Aji Sax ji ñaawlu. Waaye dabul
buurub Israayil ya ko jiitu.
3 Moom la Salmanasar buurub Asiri
song, mu nangul ko, di ko fey galag.
4 Gannaaw gi nag buurub Asiri gis ne
Ose lal na pexe, ndax daa yónnee ay ndaw
ca So buuru Misra, ba noppi lànk ne du fey
galag at mu nekk. Buurub Asiri jàpp ko, tëj.

### *Samari, péeyu Israayil, tas na*

5 Ba loolu amee Salmanasar buurub
Asiri dal ca kaw réew ma mépp, dikk ba
Samari, gaw ko diiru ñetti at.
6 Ba Ose duggee ca juróom ñeenteelu atu
nguuram, ca la buurub Asiri nangu
Samari, jàpp waa Israayil, yóbbu Asiri. Ñii
mu teg leen ca diiwaanu Ala, ñee ca Gosan
ca wetu dex ga ñuy wax Abor, ña ca des mu
dëël leen ca dëkki xeet wa ñuy wax Medd.
7 Li waral ñu nangu Samari mooy waa
Israayil a bàkkaar, tooñ Aji Sax ji seen Yàlla
ja leen génne réewum Misra, xettali leen ca
Firawna buuru Misra. Waa Israayil di
jaamu yeneen yàlla,
8 di topp baaxi xeet ya Aji Sax ji dàq ngir
ñoom, di topp baax yi buuri Israayil tëralal
seen bopp.
9 Waa Israayil teg ca di jéema nëbbuy def
njubadi gu seen Yàlla Aji Sax jiy tere; di
tabax ay bérebi jaamookaay ca seen dëkk
yépp, dale ko ca tatay wattukat ya, ba ca
dëkk ya ñu wëraley tata.
10 Ñu boole ca sampal seen bopp ay
tuuri doj ak xer yu ñuy jaamoo Asera ci
kaw mboolem tund wu kawe mbaa ker
garab gu naat.
11 Ñuy taal cuuraay foofa ca mboolem
bérebi jaamookaay ya, di roy xeet ya Aji
Sax ji dàq ngir ñoom. Ñuy def daal ay
ñaawtéef, di merloo Aji Sax ji,
12 di jaamu ay kasaray tuur, te Aji Sax ji
waxoon leen ne buñu leen jaamu.
13 Moonte Aji Sax ji artu woon na
Israayil ak Yuda, mboolem yonentam
yaak boroom peeñu ya jottali leen ko, ne
leen: «Dëppleen seen yoon yu bon yii
ngeen topp, te sàmm samay santaane,
wormaal samay dogal, na mu dëppook
mboolem yoon wi ma tëralal seeni maam,
yónnee leen ko, yonent yiy samay jaam
jottali leen ko.»

14 Teewul ñu të ticc, sajju loos ni seen
maam ya gëmuloon seen Yàlla Aji Sax ji.
15 Dañoo xalab ay ndigalam ak kóllëre ga
mu fasoon ak seeni maam, xalab kàddu ya
mu leen artoo woon. Ñu topp ay tuuri
caaxaan ba mujj di niti caaxaan, di roy
xeet yi leen wër, te Aji Sax ji tere woon
leen ñu roy leen.
16 Ba loolu amee ñu dëddu mboolem
seen santaaney Yàlla Aji Sax ji; sàkkal seen
bopp ñaari wëllu yu ñu móol, samp xer wu
ñuy jaamoo Asera, di sujjóotal mboolem
biddiiwi asamaan tey jaamu Baal.
17 Ci biir loolu ñuy lakk seen doom yu
góor ak yu jigéen ngir ay tuur, di
gisaaneeka xërëmtu, ba làggi ci jëfi mbon
yu Aji Sax ji ñaawlu, ba tax mu mer.
18 Moo tax Aji Sax ji mere Israayil lool,
ba jële leen fi kanamam, ba giirug Yuda
rekk des fa.
19 Waa Yuda it sàmmuñu seen santaaney
Yàlla Aji Sax ji. Dañoo roy ci aada yi
Israayil sos, di ko jëfe.
20 Moo tax Aji Sax ji xalab mboolem
bànni Israayil, fitnaal leen, teg leen ci
loxoy yàqkat yi, ba ni mu leen wacce.

* **17.1** ***Ose*** mii wuute naak Yonent Yàlla Ose.

21 Ba Aji Sax ji foqatee Israayil ca loxol
waa kër Daawuda, dañoo fal Yerbowam
doomu Nebat buur; Yerbowam dëddale
Israayil ak Aji Sax ji, yóbbe leen bàkkaar bu
réy;
22 mbooloom Israayil topp Yerbowam ci
bàkkaar ya muy def yépp, bañ koo dëddu,
23 ba Aji Sax ji dëddu leen, muy la mu
waxoon, yonent yay jaamam jottali ko.
Noonu la mujj génne Israayil réewam,
yóbbu leen Asiri ba bésub tey jii.

### *Waa Asiri sancal nañuy jàmbur ca Samari*

24 Ci kaw loolu buurub Asiri jële ay nit
dëkk ya ñuy wax Babilon ak Kuta ak Awa
ak Amat ak Sefarwayim, dëël leen dëkki
Samari, ñu wuutu bànni Israayil. Ñu daldi
moom diiwaanu Samari, féetewoo dëkk ya.
25 Ba ñuy doora sanc foofa, ragaluñu
woon Aji Sax ji, ba tax Aji Sax ji yebal ay
gaynde ci seen biir, ñu di leen rey.
26 Ñu wax buurub Asiri ne ko: «Xeet ya
nga toxal, sancal leen ca dëkki Samari de,
xamuñu yoonu yàllay réew ma. Yebal na
ay gaynde ci seen biir. Ña nga leen di rey,
ndax xamuñu yoonu yàllay réew ma.»
27 Ba loolu amee buurub Asiri joxe
ndigal ne: «Yeballeen fa kenn ci sarxalkat
ya ngeen fa toxale, mu dem toog foofa,
jàngal leen yoonu yàllay réew ma.»
28 Kenn ca sarxalkat ya ñu jële woon
Samari nag dikk, dëkksi Betel, jàngal leen
nu ñuy jaamoo Aji Sax ji.
29 Terewul xeet wu ci nekk di sàkk ba tey
seen tuuri bopp ca seen dëkk ya ñu féete,
ba dugal tuur ya ca bérebi jaamookaay ya
waa Samari defaroon.
30 Ci biir loolu waa Babilon sàkk tuur ma
ñuy wax Sukkót Benoot, waa Kuta sàkk
Nergal, waa Amat sàkk Asima;
31 waa Awa sàkk Nibas ak Tartag, waa
Sefarwayim di lakk seeni doom ngir tuuri
Sefarwayim yi ñuy wax Addraameleg ak
Anameleg.
32 Ñu boole ci di jaamu Aji Sax ji, tabb fu
nekk ci seen biir ay sarxalkat ngir bérebi
jaamookaay ya, ñu di leen sarxalal ca
bérebi jaamookaay yooyu.
33 Ñuy wormaal Aji Sax ji, di
jaamuwaale seen tuuri bopp itam, na ñu
ko baaxoo ca seen waa réewum cosaan ma
ñu leen toxale.
34 Ba tey jii ñu ngi topp seen aaday
cosaan. Ragaluñu Aji Sax ji dëgg te
sàmmontewuñook santaane yeek dogal
yeek yoon week ndigal li Aji Sax ji joxoon
askanu Yanqóoba mi mu tudde Israayil.
35 Aji Sax ji daa fasoon ak ñoom kóllëre,
sant leen ne leen: «Buleen wormaal
yeneen yàlla, buleen leen sujjóotal, buleen
leen jaamu, te buleen leen sarxalal itam.
36 Man Aji Sax ji leen génne réewum
Misra ci sama kàttan gu màgg ak sama
dooley loxo, man ngeen wara wormaal, di
ma sujjóotal, di ma sarxalal.
37 Te santaane yeek dogal yeek yoon
week ndigal li ma leen bindaloon,
fexeleen ba di sàmmonteek moom ba fàww.
Buleen wormaal yeneen yàlla.
38 Kóllëre gi ma fasoon ak yeen nag,
buleen ko fàtte. Buleen wormaal it yeneen
yàlla.
39 Waaye man seen Yàlla Aji Sax ji ngeen
di wormaal, ma xettali leen ci seen loxol
mboolem noon.»
40 Taxul ñu dégg, xanaa sax rekk ci seen
aaday cosaan.
41 Noonu la xeet yooyu daan wormaale
Aji Sax ji, boole ci di jaamu seen jëmmi
tuur. Seeni doom it noonu, ba tey seeni sët
di def na seeni maam daan def.

## 18

### *Esekiyas falu na buur ca Yuda*

1 Ba Ose doomu Ela buurub Israayil
duggee ca ñetteelu atu nguuram, ca la
Esekiyas doomu Axas falu ca Yuda.
2 Amoon na ñaar fukki at ak juróom ba
muy falu buur. Nguuru na ñaar fukki at ak
juróom ñeent ca Yerusalem. Yaayam nag
mooy Abi doomu Sàkkaryaa.
3 Muy def li Aji Sax ji rafetlu, mboolem
noonee ko Daawuda maamam daan defe.
4 Moom moo dindi bérebi jaamookaay
ya, toj tuuri doj ya, gor xer wa ñuy jaamoo
Asera, rajaxe jaanu xànjar ja Musaa
defaroon. Ndax ba ca jamono yooya waa
Israayil dañu daan taalal jaanu xànjar ja
cuuraay, tudde ko Nexustan.
5 Ni Esekiyas wóoloo woon Aji Sax ji
Yàllay Israayil amu ci moroom ci mboolem

buuri Yuda yi topp ci moom mbaa yi ko
jiitu.
6 Dafa sax ci Aji Sax ji, dëdduwu ko,
xanaa di topp ndigal ya Aji Sax ji joxoon
Musaa.
7 Aji Sax ji nag ànd ak Esekiyas, mu am
ndam ci mboolem lu mu sumb. Bañ na
nooteelu buurub Asiri, ba nangulatu ko.
8 Ci kaw loolu dàq na waa Filisti, ba ca
dëkk ba ñuy wax Gasa ak diiwaanam, dale
ko ca tatay wattukat ya ba ca dëkk yu mag
ya ñu wëraley tata.
9 Ba Esekiyas buurub Yuda duggee ca
ñeenteelu atu nguuram, yemook ba
buurub Israayil Ose doomu Ela duggee ca
juróom ñaareelu atu nguuram, ca la
Salmanasar buurub Asiri song Samari,
gaw ko.
10 Gaw nañu Samari ba ca ñetteelu at ma,
door koo nangu, ca juróom benneelu atu
nguurug Esekiyas, yemook ba Ose buurub
Israayil duggee ca juróom ñeenteelu atu
nguuram.
11 Ba mu ko defee buurub Asiri jàpp
Israayil, yóbbu Asiri, dëël leen diiwaanu
Ala ak Gosan ga dexu Abor wale, ak ca
dëkki xeetu Medd ya.
12 Li waral loolu mooy waa Israayil a
déggalul seen Yàlla Aji Sax ji. Dañoo fecci
kóllëreem ak moom, ba mboolem li Musaa,
jaamu Aji Sax ji, santaane woon.
Faalewuñu ko, jëfewuñu ko.

### *Asiri song na Yuda*

13 Ca fukk ak ñeenteelu atu nguurug
Esekiyas buurub Yuda, ca la Senaxerib
buurub Asiri dikk song mboolem dëkki
Yuda ya tata wër, daldi leen nangu.
14 Esekiyas buurub Yuda yónnee ca
buurub Asiri ca Lakis ne ko: «Tooñ naa de,
waaye ngalla baal ma, te dem. Loo ma sas
dinaa ko fey.» Buurub Asiri sas Esekiyas
buurub Yuda téeméeri barigoy xaalis ak
fukki barigoy wurus.
15 Esekiyas joxe mboolem xaalis ba
nekkoon ca kër Aji Sax ji ak ca dencukaayi
kër buur.
16 Booba la Esekiyas xobbi wurus wa ñu
xoobe woon bunti kër Aji Sax ji ak kenu
ya, yónnee ko buurub Asiri.
17 Buurub Asiri nag tollu ca Lakis, yebal
bummeem ak kilifay jawriñam ak
bëkk-néegam, ñu ànd ak gàngooru xare gu
takku, dem Yerusalem. Ba ñu agsee
Yerusalem ba tollook solomu mbàndum
kaw ma, fa feggook yoon wa jëm ca toolub
fóotukaay ba, fa lañu taxaw.
18 Ci kaw loolu ñu woolu Buur.
Gannaaw loolu bootalub buur Elyakim
doomu Ilkiya ànd ak Sebna bindkat ba, ak
doomu Asaf, Yowax ma yor téere ya, ñu
dikk dajeek ñoom.
19 Ba mu ko defee Rabsake bëkk-néegu
buurub Asiri ne leen: «Waxleen nag
Esekiyas ne ko: “Buur bu mag ba, buurub
Asiri dafa wax ne: Sa yaakaar jii nga
yaakaar, ana foo ko teg?
20 Defe nga ne làmmiñu kese doy na
pexeek njàmbaar cib xare? Ma ne: Ana kan
nga yaakaar bay fippu ci sama kaw?
21 Misra daal, nga def sa yaakaar, bantu
barax bu tas boobu di sokk képp ku ci
wéeru! Firawna buuru Misra de, mooy
boobu bant ci képp ku ko yaakaar.
22 Xanaa doo ma ne seen Yàlla Aji Sax ji
ngeen yaakaar? Xanaa du Esekiyas moo
dindi bérebi jaamookaay yeek
sarxalukaayi Aji Sax ji, ba noppi ne waa
Yuda ak Yerusalem sarxalukaay boobu ci
Yerusalem lañuy sujjóotal?”
23 «Léegi daal, déggool rekk ak sama sang
buurub Asiri, ma jox la ñaari junniy fas,
ndegam am ngay gawaram!
24 Ana noo mana tëwe ki gëna tuut ci
sama jawriñi sang? May wax ngay
yaakaare Misra ay watiir aki fas!
25 Te sax, xanaa du Aji Sax ji laa àndal ba
dalsi fi kaw béreb bii, ngir tas ko? Aji Sax ji
ci boppam moo ma ne: “Songal réew mii,
tas ko!”»
26 Ba loolu amee Elyakim doomu Ilkiya
ak Sebna ak Yowax ñaan Rabsake, ne ko:
«Ngalla, làkk nu arameen, dégg nanu ko. Bu
nu wax ebrë, mbooloo mi ci kaw tata ji di
ci dégg.»
27 Bëkk-néeg ba ne leen: «Ndax yeen ak
seen sang doŋŋ la ma sama sang yóbbante
kàddu yii? Ñi toog ci kaw tata ji dañu cee
bokkul am? Te ñu nara ànd ak yeen lekk
seen jonkani bopp, naan seenum saw!»
28 Bëkk-néeg ba nag taxaw, xaacu ca kaw
ci ebrë ne: «Dégluleen kàddug buur bu mag

bi, buurub Asiri.
29 Buur dafa wax ne bu leen Esekiyas
nax, ndax manu leena xettali ci loxoom.
30 Bu leen Esekiyas yaakaarloo Aji Sax ji
it, naan leen: “Aji Sax ji moo nuy xettali
moos, te deesul teg dëkk bii ci loxol
buurub Asiri!”
31 Buleen déglu Esekiyas. Buurub Asiri
kat dafa wax ne: “Jàmmooleen ak man te
ngeen génn dëkk bi, dikk nangul ma. Su
ngeen ko defee, ku nekk ci yeen mana
lekk ak jàmm ci garabu reseñam, lekk ak
jàmm ci figgam, di naan ndoxum teenam,
32 ba keroog may dikk, yóbbu leen réew
mu mel ni seen réew mi, réewum pepp ak
ndoxum reseñ, réewum mburu ak tooli
reseñ, réewum garabi oliw, diw ak lem
tuuru, ndax ngeen dund te baña dee. Bu
leen Esekiyas sànk, naan leen: ‘Aji Sax ji
moo nuy xettali.’ Buleen ko déglu!
33 Ndax tuuri xeet yi mas nañoo xettali
réewu wenn xeet ci buurub Asiri?
34 Ana tuuri réew yii di Amat ak Arpàdd?
Ana tuuri Sefarwayim ak Ena ak Iwa?
Ndax dañoo xettali Samari ci man?
35 Tuuri réew yépp, ana mu ci xettali
menn réew ci man, ba Aji Sax ji wara
mana xettali Yerusalem ci man?”»
36 Mbooloo ma nag ne cell, tontuwuñu
ko baat, ndax Buur moo leen santoon ne
leen buñu ko tontu.
37 Ba loolu amee bootalub Buur,
Elyakim doomu Ilkiya, ak Sebna, bindkat
ba, ak doomu Asaf, Yowax ma denc téere
ya, ñoo dem ak seen yérey ñaawlu yu
xottiku, ba ca Esekiyas. Ñu daldi koy àgge
kàddug bëkk-néeg ba.

# 19

1 Naka la ko Buur Esekiyas dégg, daldi
xotti ay yéreem, sol saaku yu muy ñaawloo.
Mu dem nag ca kër Aji Sax ji.
2 Ba loolu amee mu yebal Elyakim
bootalub Buur ak Sebna bindkat ba, ak
ñay mag ca sarxalkat ya. Ñu sol saaku yu
ñuy ñaawloo, daldi dem ca Yonent Yàlla
Esayi doomu Amocc.
3 Ñu ne ko: «Esekiyas dafa wax ne: “Bésub
tey bésub njàqare la ak mbugal ak gàcce.
Mooy li ñuy wax naa: Doom a ngi ci
buntub juddu, te dooley wasin réer!
4 Jombul nag sa Yàlla Aji Sax ji dégg
mboolem kàdduy bëkk-néeg bi sangam
buurub Asiri yebal, ngir mu kókkali Yàlla
jiy dund. Te kon sa Yàlla Aji Sax ji mooy
dogal mbugal mi war ci kàddu yooyu mu
dégg. Yékkatil kàddug ñaan rekk, ngir ñi fi
desagum.”»
5 Ba surgay Buur Esekiyas àggee Esayi
wax jooju leen seen sang wax,
6 Esayi da ne leen: «Waxleen seen sang ne
ko: Aji Sax ji dafa wax ne: “Bul ragal kàddu
yi nga dégg surgay buurub Asiri ñàkke ma
ko kersa.
7 Maa ngii di ko sol xel mu ko gëmloo
xibaar bu muy dégg, ba dellu réewam, ma
reye ko ab saamar ca réewam.”»

### *Asiri tooñati na Yuda*

8 Gannaaw loolu Rabsake dégg ne
buurub Asiri bàyyikoo na Lakis, bay
xareek dëkk ba ñuy wax Libna. Mu
walbatiku fekki ko foofa.
9 Booba buurub Asiri daa dégg ne Tiraka
buurub Kuus moo leen di songsi. Mu dellu
yebal ay ndaw ca Esekiyas, ne leen:
10 «Waxleen Esekiyas buurub Yuda, ne
ko: “Seen Yàlla ji ngeen yaakaar, bumu
leen nax, naa leen deesul teg Yerusalem ci
loxol buurub Asiri.
11 Xanaa yaw ci sa bopp dégg nga li
buuri Asiri def mboolem réew yi,
faagaagal leen? Yaw nag, ndax yaa ciy
mucc?
12 Xeet yi samay maam sànk, ndax seeni
yàlla dañu leena musal, muy Gosan, di
Karan, di Reccef, di askanu Eden wa woon
ca Telasar?
13 Ana buuri Amat ak Arpàdd ak Layir
ak Sefarwayim ak Ena ak Iwa?”»
14 Ba Esekiyas jëlee bataaxal ba ca loxol
ndaw ya, jàng ko ba noppi, dafa dem ba ca
kër Aji Sax ji. Mu daldi tàllal bataaxal ba fa
kanam Aji Sax ji.
15 Esekiyas ñaan fi kanam Aji Sax ji, ne
ko: «Éy Aji Sax ji, Yàllay Israayil mi toog ci
jal bi, fi tiim malaakay serub yi. Yaw doŋŋ
yaa di Yàllay mboolem nguuri àddina. Yaw
déy, yaa sàkk asamaan ak suuf.
16 Ngalla Aji Sax ji, dékkal sa nopp ba
dégg! Aji Sax ji, xippil say gët ba gis, te
dégg kàdduy Senaxerib yi mu yóbbante,
ngir ñàkke la ko kersa, yaw, Yàlla jiy dund!

17 Aylayéwén Aji Sax ji, buuri Asiree tas
xeet yeek seeni réew,
18 te ñoo sànni seeni yàlla ci sawara it,
ndax yooyoo dul Yàlla, xanaa lu nit sàkke
loxoom, bant ak doj, ba tax ñu sànk leen.
19 Kon nag Aji Sax ji sunu Yàlla, ngalla
wallu nook moom, ba mboolem nguuri
àddina xam ne yaw Aji Sax ji doŋŋ yaa di
Yàlla.»

*Yonent Yàlla Esayi yégle na jéllub Asiri*

20 Ba mu ko defee Esayi doomu Amocc
yónnee ca Esekiyas ne ko: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil dafa wax ne li nga ko ñaan ci
Senaxerib buurub Asiri, dégg na ko.
21 Lii moo di kàddu gi Aji Sax ji wax ci
moom:
"Yaw, janq Siyoŋ mu taaru da laa xeeb, di
la ñaawal.
Yerusalem, dëkk bu taaru booboo lay wëcc
bopp,
di la kekku sa gannaaw.
22 Ana kooy kókkaleeka ñàkke kersa?
Moo kooy yékkatil kàddu?
Kooy xool gëti xeebeel?
Xanaa du Aji Sell ju Israayil ji?
23 Yaa yebal say ndaw, di kókkali Boroom
bi,
te naa: 'Sama watiir yi ne xas
laa ware kawtey tund yi, jàll ba ca xolu
Libaŋ.
Maa gor seedaram ya fa sut,
ak tànnéefi garabi sipparam,
maay àkki ba ca collub dalub tundu Libaŋ,
ak gottam bu naat ba nib tóokër.
24 Maa gas ay teen, naan ndoxum réewum
jàmbur,
maa joggatee sama ndëgguy tànk wali
Misra yépp, ŋiisal ko.'

25 «"Waaye, Senaxerib, xanaa déggoo ne
bu yàgg laa dogal loolu?
Ca jant ya woon laa ko nasoon,
tey ma sottal ko,
ba nga mana def genti jali tojit, dëkk yu ñu
wërmbaley tata.
26 Waa dëkk ya ne yàcc, jàq, torox,
mel ni gàncaxu àll mbaa ñax mu yees,
mbete caxum xadd,
balaa màgg, lax.
27 «"Waaye boo toogee, boo génnee, boo
duggee, xam naa,
boo xadaroo sama kaw it, xam naa.
28 Yaa xadaru sama kaw,
ba sag reewande tàbbi ci sama nopp!
Maa lay takkal ag nos akug laab,
wañña la, nga dellu yoon wa nga dikke
woon."

29 «Lii nag, Esekiyas, def kob takk.
Dees na lekk ren peppum saxyaay,
déwén it dees na lekk lu saxal boppam.
Waaye déwén-jéeg, ngeen ji, góob,
jëmbat tóokëri reseñ, lekk ca meññeef ma.
30 Ña des ca askanu Yuda
ñooy saxaat ay reen, ba meññaat ay doom.
31 Yerusalem kay la aw ndes di génne,
aw ndes ay rëcce tundu Siyoŋ,
te Aji Sax ji Boroom gàngoor yi mooy sottal
loolu ci xéraangeem.
32 Moo tax Aji Sax ji wax ci buurub Asiri
ne:
"Du dugg ci dëkk bii,
du fi soqig fitt,
du fi taxawe ab pakk,
du fi jal jal bu muy gawe.
33 Yoon wa mu dikke lay delloo,
biib dëkk du fi dugg. Kàddug Aji Sax jee.
34 Maay aar dëkk bii, musal ko
ngir man ci sama bopp ak Daawuda sama
jaam bi."»
35 Guddig keroog malaakam Aji Sax ji
dikk, faat ca dalub Asiri téeméer ak juróom
ñett fukk ak juróomi junni (185 000). Ca
ëllëg sa ña mucc teela xëy, yemuñu ci lu
moy ñooña ñépp, diy néew.
36 Ba mu ko defee Senaxerib buurub
Asiri daldi fabu, ñibbi. Mu toog nag ca péey
ba, di Niniw.
37 Gannaaw gi, ba muy sujjóot ca kër
yàllaam ma ñuy wax Nisrog, Addraameleg
ak Sarecer, doomam yu góor ñoo ko fa
bóome saamar. Ñoom nag, ñu daw làquji
réew ma ñuy wax Araraat. Ci kaw loolu
doomam Asaradon falu buur, wuutu ko.

# 20

*Esekiyas wopp na, ba jóg*

1 Jant yooyu la Esekiyas woppoon bay
waaja dee. Yonent Yàlla Esayi doomu
Amocc dikk, ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne:

Dénkaaneel sa mbiri kër, ndax dangay dee,
doo jóg!»
2 Mu walbatiku nag, jublook miir ba,
ñaan ci Aji Sax ji ne ko:
3 «Éy Aji Sax ji, ngalla bàyyil xel ni ma
àndeek yaw sama léppi xol, ci kóllëre, te li
nga rafetlu laa jëfe.» Mu jooy nag, jooy yu
metti.
4 Ba loolu amee Esayi génn, weesoogul
digg ëtt ba sax, kàddug Aji Sax ji dikkal ko
ne ko:
5 «Dellul ba ca Esekiyas, sama njiitu ñoñ,
nga ne ko: "Aji Sax ji sa Yàllay maam
Daawuda dafa wax ne: Dégg naa sag ñaan,
gis naa say rongooñ. Maa ngii di la wéral,
te bu gannaaw ëllëgee, dinga dem ci kër Aji
Sax ji.
6 Dinaa yokk ci saw fan fukki at ak
juróom. Buurub Asiri ak dooleem, maa la
ciy xettali, yaw ak dëkk bii, te maay aar
dëkk bii ndax man ci sama bopp ak
Daawuda sama jaam bi."»
7 Esayi teg ca ne: «Indileen danku figg.»
Ñu indi, teg ko ca taab ba, Esekiyas wér.
8 Fekk na Esekiyas ne Esayi: «Ana lu di
takk biy firndeel ne Aji Sax ji dina ma
wéral, ba ma mana dem gannaaw ëllëg ca
kër Aji Sax ji?»
9 Esayi ne ko: «Takk biy bàyyikoo ci Aji
Sax ji, di firndeel ne dina def li mu wax,
ñaar yii loo ci bëgg: ker gi màgg lu tollook
fukki dëggastal, mbaa mu dellu gannaaw
fukki dëggastal?»
10 Esekiyas ne ko: «Ker gi màgg lu tollook
fukki dëggastal moom, yomb na. Kon na
dellu gannaaw fukki dëggastal.»
11 Ci kaw loolu Yonent Yàlla Esayi ñaan ci
Aji Sax ji, Aji Sax ji delloo ker ga gannaaw
lu tollook fukki dëggastal ca kaw iskaleb
Axas ba*.

### *Buuru Babilon yónnee na ca Esekiyas*

12 Jant yooyu doomu Baladan, Berodag
Baladan† buuru Babilon moo yónnee
Esekiyas bataaxal ak yóbbal. Booba dafa
dégg ne Esekiyas daa woppoon.
13 Esekiyas nag déglu ndaw ya, ba noppi
won leen mboolem kërug dencukaayam:
xaalis baak wurus waak ndàbb jaak diwu
tànnéef gaak néegub gànnaayam ya ak
mboolem lu nekkoon cay dencam. Amul
lenn lu leen Esekiyas wonul ci biir këram
ak mboolem fu bokk ci kilifteefam.
14 Gannaaw loolu Yonent Yàlla Esayi
dikk ne Buur Esekiyas: «Lu la nit ñii wax
ak fu ñu jóge sax ba fi yaw?» Esekiyas ne:
«Réew mu sore lañu bàyyikoo dikk, réewum
Babilon.»
15 Mu ne ko: «Ana lu ñu gis sa biir kër?»
Esekiyas ne ko: «Mboolem lu nekk sama
biir kër, gis nañu ko. Amul lenn lu ma leen
wonul ci samay denc.»
16 Esayi ne Esekiyas: «Déglul kàddug Aji
Sax ji:
17 "Ay jant a ngii di ñëw, dees na yóbbu
Babilon lépp lu nekk sa biir kër, te say
maam dencoon ko, ba tey jii. Du lenn luy
des. Kàddug Aji Sax jee.
18 Te it ñenn ci sag njaboot, ñu soqikoo ci
yaw, di ñoo meññ ci sa geño, dinañu leen
jàpp, ñu doon jaam yu ñu tàpp ca biir kër
buuru Babilon."»
19 Esekiyas ne Esayi: «Kàddug Aji Sax ji
nga jottali jàmm la.» Booba ma nga naan:
«Xanaa du jàmm ju ne ñoyy ay am sama
giiru dund?»

### *Buur Esekiyas saay na*

20 Li des ci mbiri Esekiyas ak mboolemi
njàmbaaram ak mbànd mi mu defar ak
solomam, muy indi ndox ca biir dëkk ba,
bindees na lépp moos ci téere bi ñu dippee
Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
21 Esekiyas nag saay, fekki ay maamam.
Doomam Manase moo falu buur, wuutu
ko.

## 21

### *Manase falu na buur ca Yuda*

1 Fukki at ak ñaar la Manase amoon ba
muy falu buur. Nguuru na juróom fukki at
ak juróom (55) fa Yerusalem. Yaayam
mooy Efsiba.
2 Manase nag di def li Aji Sax ji ñaawlu,
topp ñaawtéefi xeet ya Aji Sax ji dàqoon
ngir bànni Israayil.
3 Moo tabaxaat bérebi jaamookaay ya
Esekiyas baayam tasoon, yékkatil tuur mi
ñu naan Baal ay sarxalukaay, samp xer

* **20.11** ***Axas*** nekkoon na buur ca Yuda. Seetal ci 2.Buur 16.1. † **20.12** ***Berodag Baladan*** mooy Merodag Baladan ba tey.

wu ñuy jaamoo Asera, noonee ko Axab buurub Israayil defe woon, boole ca di sujjóotal mboolem biddiiwi asamaan, di leen jaamu.
4 Moo yékkati yeneen sarxalukaayi tuur ca biir kër Aji Sax ji, fa Aji Sax ji waxoon ne: «Fii ci Yerusalem laay dëj sama tur.»
5 Ay sarxalukaay it la tabaxal biddiiwi asamaan yépp ca biir ñaari ëtti kër Aji Sax ji.
6 Te itam sarxal na doomam, lakk ko ngir ay tuur. Ci biir loolu xërëm na, gisaane na, jëflante naak ay boroom rawaan ak ñuy jokkook nit ñu dee. Bare na lu mu def lu Aji Sax ji ñaawlu, ba tax mu mer.
7 Moo dugal ba tey jëmm ja mu sàkkoon ngir tuur ma ñuy wax Asera, ca biir kër ga Aji Sax ji waxoon Daawudaak doomam Suleymaan ne leen: «Ci biir kër gii ci Yerusalem gi ma tànn ci mboolem giiri Israayil, ci laay dëj sama tur ba fàww.
8 Ndegam bànni Israayil saxoo nañoo sàmm mboolem lu ma leen sant, mu dëppook mboolem yoon wi leen Musaa sama jaam ba sant ñu topp ko, dootuma leen wërloo, ñu wacc réew mi ma joxoon seeni maam.»
9 Waaye bànni Israayil ñoo dégluwul, ba Manase wañ̃ñi leen, ñuy def ñaawtéef, ba raw xeet ya Aji Sax ji sànkoon fi kanam bànni Israayil.
10 Ba loolu amee Aji Sax ji wax, yonent yay jaamam jottali. Mu ne:
11 «Manase buurub Yuda moo def yii ñaawtéef, ba jëfam ju bon raw mboolem lu Amoreen ña ko jiitu defoon, ba yóbbe waa Yuda ñuy moye ay kasaray tuur.
12 Moo tax man Aji Sax ji Yàllay Israayil damaa wax ne: “Maa ngii di wàcce ci Yerusalem ak Yuda musiba muy buur noppi képp ku ci dégg.
13 Dinaa nattoo Yerusalem buumu betteex ba ma nattoo Samari ak nattukaay ba ma nattoo waa kër Axab. Dinaa ñédd Yerusalem, ba mu mel ni ndab lu ñu ñiit ba mu set, dëpp ko.
14 Dinaa suur sama ndesu ñoñ te dinaa leen teg ci seen loxol noon yi, seen bañ yépp di leen futteeka sëxëtoo,
15 ndegam li ma ñaawlu lañu masa def, di ma merloo, ba seeni maam génnee Misra ba tey jii.”»
16 Te it deretu nit ñu deful dara la Manase tuur, ba mu fees Yerusalem dell, cat ba cat, te bokkul ak bàkkaar bi mu bàkkaarloo waa Yuda, ba ñuy def li Aji Sax ji ñaawlu.
17 Li des ci mbiri Manase ak mboolem lu mu def ak bàkkaaram ba mu def, bindees na lépp moos ci téere bi ñu dippee Jalooorey buuri Yuda ca seeni jant.
18 Gannaaw gi, Buur Manase saay, fekki ay maamam, ñu denc ko ci toolub këram, di tóokëru Usa. Doomam Amon falu buur, wuutu ko.

## *Amon falu na buur ca Yuda*

19 Ñaar fukki at ak ñaar la Amon amoon ba muy falu buur. Ñaari at la nguuru fa Yerusalem. Yaayam moo doon Mesulemet doomu Arucc ma cosaanoo Yotba.
20 Amon di def nag li Aji Sax ji ñaawlu, la baayam Manase daan def.
21 Topp na baayam ci mboolem tànk ya mu jaaroon, di jaamu kasaray tuur yi baayam daan jaamu, di leen sujjóotal.
22 Daa dëddu Aji Sax ji, Yàllay maamam, baña jaar ci yoonu Aji Sax ji.
23 Ci kaw loolu surgay Amon lalal ko pexe, bóom ko ca biir këram.
24 Waa réew ma nag rey mboolem ña fexeeloon Buur Amon. Ba loolu amee waa réew ma fal buur doomam Yosya, mu wuutu ko.
25 Li des ci mbiri Amon ak li mu def, bindees na ko moos ci téere bi ñu dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
26 Ba loolu amee ñu denc ko ca bàmmeelam ca tóokëru Usa, Yosya doomam falu buur, wuutu ko.

# 22

## *Yosya falu na buur ca Yuda*

1 Juróom ñetti at la Yosya amoon ba muy falu buur, te fanweeri at ak benn la nguuru fa Yerusalem. Yaayam mooy Yedida doomu Adaya ma cosaanoo Bocckat.
2 Yosya di def li Aji Sax ji rafetlu, topp ci mboolem tànk yi maamam Daawuda

jaaroon, jàddul fenn, du ndijoor, du
càmmoñ.
3 Buur Yosya nag, ca fukk ak juróom
ñetteelu atu nguuram, dafa yebal bindkat
ba, Safan doomu Acalya doomu Mesulam,
ca kër Aji Sax ji. Mu ne ko:
4 «Demal ca Ilkiya sarxalkat bu mag ba,
ne ko mu yembal saraxi xaalis yi
wattukati bunti kër Aji Sax ji nangoo ci nit
ñi.
5 Nañu ko teg ca loxoy ña ñu tabb ca
caytug liggéeyu kër Aji Sax ji. Ñooñu jox ko
liggéeykat ya ca kër Aji Sax ji, di jagalaat
kër ga,
6 muy liggéeykati bant yi ak tabaxkat yi
ak yeneen liggéeykat. Nañu ci jënd doj yu
ñu yatt, defare ko kër gi.
7 Waaye buñu leen laaj nu ñu def xaalis
bi ñu leen jox, ndax ñu màndu lañu ci seen
liggéey.»

### *Téereb yoon wi feeñ na*

8 Ilkiya sarxalkat bu mag ba nag ne
Safan bindkat ba: «Téereb yoon wi de laa
gis ci kër Aji Sax ji!» Ci kaw loolu Ilkiya jox
Safan téere ba, mu jàng ko.
9 Ba loolu amee Safan bindkat ba dellu
ca Buur, àgge ko gii kàddu: «Sa surga ya
sotti nañu xaalis ba nekkoon ca kër Aji Sax
ji, ba teg ko ci loxol ñi jiite liggéey bi te di
saytukati kër Aji Sax ji.»
10 Safan bindkat ba teg ca xamal Buur
ne ko: «Ab téere nag la ma Ilkiya sarxalkat
bi jox.» Safan jàngal ko Buur.
11 Ba Buur déggee kàdduy téereb yoon wa,
daa xotti ay yéreem ndax tiitaange.
12 Mu sant Ilkiya sarxalkat ba, mook
Axikam doomu Safan, ak Agbor doomu
Mikaya, ak Safan bindkat ba, ak Asaya
bëkk-néegu buur, ne leen:
13 «Demleen leerlul ma ci Aji Sax ji,
laajaaleel mbooloo meek Yuda gépp ci
mbirum kàdduy téere bii feeñ. Sànjum Aji
Sax ji tàkk ci sunu kaw kat réy na, ndax
sunuy maam a déggul kàdduy téere bii, ngir
jëfe mboolem li ñu ci bind ñeel nu.»
14 Ilkiya sarxalkat ba daldi dem ànd ak
Axikam ak Agbor ak Safan ak Asaya, ba ca
Ulda yonent bu jigéen ba doon soxnas
wattukatub yére ya, Salum di doomu
Tigwa doomu Aras. Ulda ma nga dëkkoon
Yerusalem ca sanc ba. Ñu wax ak moom.
15 Jigéen ja ne leen: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil nee: Xamalleen ki leen yebal ci
man ne ko:
16 “Aji Sax ji nee: Maa ngii di wàcce
musiba ci béreb bii ak ñi ko dëkke, muy
mboolem kàdduy téere bi buurub Yuda
jàng.
17 Gannaaw ñoo ma dëddu, di taalal
yeneen yàlla cuuraay, ngir merloo ma ci
mboolem liggéey bu ñu defe seeni loxo,
sama sànj mooy tàkk fi béreb bii te du fey.”
18 Buuru Yuda mi leen yónni, ngir ngeen
laajlusi ci Aji Sax ji nag, waxleen ko ne ko:
“Li Aji Sax ji Yàllay Israayil wax ci kàddu yi
ngeen dégg moo di:
19 Gannaaw yaa réccu ci sa xol, ba
toroxlu ci kanam Aji Sax ji, ba nga déggee
ni ma rëbbe béreb bii mook ñi ko dëkke,
muy seen toroxteek seen alkànde, te yaa
xotti say yére, jooy fi sama kanam, man it
dégg naa la. Kàddug Aji Sax jee.
20 Moo tax maa ngii di la yóbbu nga fekki
say maam, dees na la yóbbu ak jàmm ca sa
bàmmeel, te say bët du tegu ci mboolem
musiba mi may wàcce ci bii béreb.”» Ba
loolu amee ñu dellu, yegge Buur kàddu ga.

## 23

### *Yosya sellal na réew mi*

1 Ci kaw loolu Buur Yosya yónnee, ñu
woo mboolem magi Yuda ak Yerusalem,
ñu dikk.
2 Buur dem ca kër Aji Sax ji, ànd ak waa
Yuda gépp, Yerusalem gépp; sarxalkat
yaak yonent yaak askan wépp, ka gëna
tuut ba ca gëna mag. Mu jàngal leen, ñuy
dégg, mboolem kàdduy téereb kóllëre* bi
feeñ ci kër Aji Sax ji.
3 Buur nag taxaw fa kenu ga, feddali
kóllëre ga fa kanam Aji Sax ji, ngir topp Aji
Sax ji, di sàmme léppi xol ak léppi bakkan
ay santaaneem ak seedey yoonam ak
dogali yoonam, ngir saxal kàdduy kóllëre
googu ñu bind ci téere boobu. Askan wépp
yebu ca kóllëre ga.
4 Ba loolu amee Buur sant Ilkiya
sarxalkat bu mag ba, mook sarxalkat ya

* **23.2 *téereb kóllëre*** mooy téereb yoon wi. Seetal ci 22.8, 11.

ca topp ak wattukati buntu kër Aji Sax ji,
ne leen ñu génnee kër Aji Sax ji mboolem
ndab ya ñu defaraloon Baal ak Aseraak
biddiiwi asamaan yépp. Mu génne lépp
Yerusalem, lakk ko ca tooli Sedoron, ba
noppi yóbbu dóom ba Betel.
5 Gannaaw loolu mu dàq sarxalkati tuur
ya buuri Yuda faloon ñuy taal cuuraay ca
bérebi jaamookaay ya ca dëkki Yuda ak la
wër Yerusalem, dàqaale ñay taalal cuuraay
Baal ak jant beek weer week xeeti dëllooñ
yeek mboolem biddiiwi asamaan yépp.
6 Ba loolu weesoo jële na kër Aji Sax ji
tuur ma tudd Asera, génne ko Yerusalem
ba ca xuru Sedoron, lakk ko foofa ca xuru
Sedoron, wol ko ba muy sunguf, mu xëpp
ko ca sëgi baadoola ya.
7 Màbb na it néegi nit ña doon jaay seen
bopp fa ñuy màggale tuur ya ca biir kër Aji
Sax ji, fa jigéen ña daan ràbbal tuur ma ñuy
wax Asera ay xayma.

8 Ba loolu wéyee Yosya indi Yerusalem
mboolem sarxalkat ya doon sarxal ca
dëkki Yuda, diggante Geba ba Beerseba,
daldi sobeel bérebi jaamookaay ya ñu
daan taal cuuraay, daaneel bérebi
jaamookaay ya ca bunt ya, boole ca ba
nekkoon ca buntu Yesuwa, boroom dëkk
ba, te féete càmmoñ booy jaare ci buntu
dëkk ba di duggsi.
9 Mayuñu woon nag sarxalkati bérebi
jaamookaay ya ñuy dikk ba ca
sarxalukaayu Aji Sax ji ci Yerusalem.
Sañuñu woon lu moy bokk lekk mburu mu
amul lawiir ñook sarxalkat yi ci des.
10 Ci kaw loolu Yosya sobeel fa ñuy wax
Tofet ca xuru Ben Inom, ba kenn dootu fa
lakk sa doom ju góor mbaa ju jigéen ngir
tuur wi ñuy wax Moleg.
11 Jële na ca bunti kër Aji Sax ji fas ya ay
buuri Yuda jagleeloon jant bi. Ña nga
woon ca ëtt ba, ca wetu néegu jawriñ ju
ñuy wax Netan Meleg. La ca tegu Yosya
lakk watiir ya ñu jagleel jant bi.
12 Ci biir loolu Buur daane sarxalukaay
ya ay buuri Yuda yékkati woon ca kaw
xaddub néegub kaw bu Axas, ak
sarxalukaay ya Manase tabaxoon ca ñaari
ëtti kër Aji Sax ji. Mu jële fa lépp, def ko
pënd, sànni ca xuru Sedoron.
13 Bérebi jaamookaay ya féete woon
Yerusalem penku ca bëj-saalumu tundu
Alkànde†, Buur Suleymaan tabaxaloon ko
tuur ma ñuy wax Astàrt, kasaray waa
Sidon ya, ak tuur ma ñuy wax Kemos,
kasaray Mowabeen ña, ak tuuru Amoneen
mu siblu ma ñuy wax Milkom, Buur Yosya
daa boole lépp sobeel ko.
14 Rajaxe na tuuri doj ya, daane xer ya
ñuy jaamoo Asera, wuutal fa ay jali yaxi
nit, ba mu daj.

15 Naka noona mu boole ca sarxalukaay
ba ca Betel ak bérebu jaamookaay ba fa
doomu Nebat Yerbowam yékkati woon,
moom ma bàkkaarloo woon Israayil.
Sarxalukaay boobaak bérebu jaamookaay
booba sax, yàq na ko. Dafa lakk bérebu
jaamookaay ba, wol ko ba mu mokk, lakk
xer wa ñuy jaamoo Asera.
16 Ba mu ko defee Yosya ne gees, gis
bàmmeel ya nekk foofa ca tund wa. Mu
yeble, ñu sullil ko yax ya, mu lakk ko ca
kaw sarxalukaay ba, sobeel ko noonu,
muy kàddug Aji Sax ji góoru Yàlla ga
waxoon‡, keroog ba Yerbowam taxawee
ca sarxalukaay ba, bésub màggal. Buur
Yosya neeti gees, yem ci bàmmeelu góoru
Yàlla ga jottali woon kàddug waxyu ga.
17 Mu ne: «Doj wee may séen bàmmeelu
kan a?» Waa dëkk ba ne ko: «Xanaa
bàmmeelu góoru Yàlla ga bàyyikoo woon
Yuda. Moo waxoon bu yàgg jëf jii nga def
sarxalukaayu Betel bii tey.»
18 Mu ne: «Bàyyileen ko noonu! Bu kenn
laal ay yaxam!» Ñu wacc fa ay yaxam ak
yaxi yonent ba jóge woon Samari.

19 Mboolem bérebi jaamookaay ya
nekkoon ca dëkki Samari yu mag ya te
buuri Israayil tabaxoon ko, ba merloo Aji
Sax ji, Yosya jële na ko fa, def ko na mu
defoon ca Betel rekk.
20 Gannaaw loolu mu rendi ca
sarxalukaay ya mboolem ña fa doon
sarxalkati bérebi jaamookaay ya, ba noppi
lakk yaxi nit ca kaw, ngir sobeel lépp,
doora dellu Yerusalem.

† **23.13** ***tundu Alkànde*** mooy tundu Oliw mi ñu woowe nii, ngir baña boole tur week bokkaale ba fa amoon.
‡ **23.16** Seetal ci *1.Buur ya* 13.2.

*Màggalu bésub Mucc délsi na*
21 Buur Yosya nag jox mbooloo mépp
ndigal ne leen: «Màggalleen bésub Mucc ga,
ñeel seen Yàlla Aji Sax ji, ni ñu ko binde ci
téereb kóllëre gii.»
22 Bésub Mucc booba, na mel ni maseesu
ko màggale nii ca jamonoy njiit ya yilifoon
Israayil, ba ci jamonoy buuri Israayil ak
Yuda.
23 Ca fukk ak juróom ñetteelu atu Yosya
doŋŋ lañu dellu màggal bésub Mucc boobu
ca Yerusalem, ñeel Aji Sax ji.
24 Rax ci dolli boroom rawaan yeek ñi
gisaane nit ñu dee yeek gàllaaji kër yeek
kasaray tuur yeek mboolem kasara yu ni
mel te ñu daan ko gis ca réewum Yudaak
Yerusalem, Yosya jële na ko fa ngir mana
saxal kàdduy yoon wa ñu bind ca téere ba
Ilkiya sarxalkat ba gisoon ca biir kër Aji
Sax ji.
25 Mboolem buur yi jiitu Yosya, kenn
jubloowu ci Aji Sax ji léppi xolam ak léppi
jëmmam ak kem kàttanam, bay sàmm yoonu
Musaa wépp. Mboolem ñi ko wuutu it,
kenn dabu ko ci.
26 Teewul Aji Sax ji dëppul ci meram mu
réy mi mu dale ci kaw Yuda ndax
mboolem li Manase def, ba merloo ko.
27 Aji Sax ji nag ne: «Yuda itam dinaa ko
jële fi sama kanam, ni ma fi jëlee Israayil.
Dinaa xalab dëkk bii ma tànn, di
Yerusalem ak kër gii ma wax ne sama tur
dina fi nekk.»

*Buur Yosya saay na*
28 Li des ci mbiri Yosya ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ci téere bi ñu
dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
29 Ca ay jantam la Firawna Nekko buuru
Misra jóg jàppaleji buurub Asiri ca wetu
dexu Efraat, Buur Yosya dogaleji ko.
Teewul ba ko Nekko gisee la ko rey ca
Megido.
30 Ba loolu amee surgay Yosya yeb néew
ba ci watiir, jële ko Megido, indi ko
Yerusalem, denc ko ci bàmmeelu boppam.
Askanu réew ma nag jël Yowaxas doomu
Yosya, diw ko diwug pal, fal ko buur, mu
wuutu baayam.

*Yowaxas falu na buur ca Yuda*
31 Ñaar fukki at ak ñett la Yowaxas
amoon ba muy falu buur. Ñetti weer la
nguuru fa Yerusalem. Yaayam mooy
Amutal doomu Yeremi ma cosaanoo
Libna.
32 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, noonee ko
ay maamam daan defe.
33 Firawna Nekko moo làqoon jant bi
Yowaxas ca dëkk ba ñuy wax Ribla ca
réewum Amat, ba nguurootul ca
Yerusalem. Mu teg réew ma galagu
fanweeri barigoy xaalis ak ñeent (34), ak
fanweeri kiloy wurus ak ñeent (34).
34 Ci kaw loolu Firawna Nekko fal
Elyakim doomu Yosya buur, mu wuutu
baayam Yosya, soppi turam, tudde ko
Yoyakim§; Yowaxas moom mu jàpp ko,
yóbbaale Misra. Foofa la deewe.

*Buur Yoyakim fey na Misra galag*
35 Yoyakim jox na Firawna Nekko xaalis
baak wurus wa mu laaj. Waaye waa réew
ma la ko sas, ba jële ca ñoom xaalis baak
wurus wa, ku nekk ak sab sas, daldi koy
dajale, jox ko Firawna Nekko.
36 Ñaar fukki at ak juróom la Yoyakim
amoon ba muy falu buur, te fukki at ak
benn la nguuru fa Yerusalem. Yaayam
mooy Sebuda doomu Pedaya ma
cosaanoo Ruma.
37 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, mboolem
noonee ko ay maamam daan defe.

# 24

1 Ca jamonoy Yoyakim la Nebukatnecar
buuru Babilon song réew ma. Yoyakim
nangul ko diiru ñetti at, doora walbatiku
fippu.
2 Ci kaw loolu Aji Sax ji yebal ci kawam
ay yàqkati waa Babilon ak yàqkati Siri ak
yàqkati Mowab ak yàqkati Amoneen ña. Aji
Sax ji yebal leen Yuda ngir ñu yàqate ko,
mu dëppook kàddu ga mu waxoon, yonent
yiy surgaam jottali ko.
3 Ci ndigalal Aji Sax ji moos la loolu xew
ca Yuda, ba mu mujj leen xarab ndax
bàkkaari Manaseek li mu def lépp,
4 ak deretu nit ñi mu tuur te defuñu
dara; ndax Manase daa feesal Yerusalem

§ **23.34** Ci seen aada, ku jox nit aw tur, fekk na nga am kilifteef ci kawam.

ak deretu jàmburi Yàlla, ba Aji Sax ji
nanguwu koo baal.
5 Li des ci mbiri Yoyakim ak mboolem lu
mu def, bindees na ko moos ci téere ba ñu
dippee Jaloorey buuri Yuda ca seeni jant.
6 Gannaaw gi, Buur Yoyakim saay, fekki
ay maamam. Yoyakin, doomam a falu
buur, wuutu ko.
7 Jamono yooyu buuru Misra génnatul
réewam di xareji, ndax fekk na buuru
Babilon nangu suufam sépp la ko dale ca
xuru Misra ba ca dexu Efraat.

*Yoyakin falu na buur ca Yuda*

8 Fukki at ak juróom ñett la Yoyakin
amoon ba muy falu buur. Ñetti weer la
nguuru, Yerusalem di péeyam. Yaayam
mooy Nexusta doomu Elnatan ma
cosaanoo Yerusalem.
9 Muy def nag li Aji Sax ji ñaawlu,
mboolem noonee ko baayam defe woon.
10 Jamono jooja la jaraafi Nebukatnecar
buuru Babilon, song Yerusalem, gaw dëkk
ba.
11 Nebukatnecar dikk ca dëkk ba, fekk
ay jaraafam gaw ko.
12 Yoyakin buurub Yuda génn fekki
buuru Babilon, jébbal ko boppam, mook
ndeyam aki surgaam aki jaraafam ak
jawriñi këram. Buuru Babilon nag jàpp ko.
Looloo nga yemook juróom ñetteelu atu
nguurug Nebukatnecar buuru Babilon.
13 Nebukatnecar jële fa mboolem alali
kër Aji Sax ji ak alali kër buur, daldi buub
lépp luy ndabu wurus lu Suleymaan
buurub Israayil defarlu woon ci kër Aji
Sax ji, muy la Aji Sax ji waxoon.
14 Ci biir loolu buuru Babilon yóbbu
Yerusalem gépp, muy mboolem jaraaf
yeek jàmbaari góor ñi, ñuy fukki junni
(10 000), ñook mboolem liggéeykat yaak
tëgg ya. Kenn desul, lu moy baadoola ya
gëna néew doole.
15 Mu yóbbu Yoyakin Babilon mook
ndeyam aki soxnaam aki jawriñam ak
kilifay réew ma.
16 Buuru Babilon boole ca jàppaale
juróom ñaari junniy jàmbaari góor (7 000),
ak junniy liggéeykat aki tëgg, ñoom ñépp di
boroom kàttan te tollu ci xare; mu boole
leen jàpp jaam, yóbbu Babilon.
17 Buuru Babilon Nebukatnecar fal
Matañа, baayu Yoyakin bu ndaw, mu
wuutu Yoyakin. Mu daldi soppi turu
Matañа, tudde ko Cedesyas.

*Cedesyas falu na buur ca Yuda*

18 Ñaar fukki at ak benn la Cedesyas
amoon ba muy falu buur, te fukki at ak
benn la nguuru fa Yerusalem. Yaayam
mooy Amutal doomu Yeremi ma cosaanoo
Libna.
19 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, mboolem
noonee ko Yoyakim defe woon.
20 Merum Aji Sax ji nag dikkal
Yerusalem ak Yuda, ba mu mujj xalab
leen.
Gannaaw gi, Cedesyas fippu buuru
Babilon.

# 25

*Nangooti nañu Yerusalem*

1 Ba Cedesyas tolloo ci juróom ñeenteelu
atu nguuram, fukki fan ca fukkeelu
weeram, ca la Nebukatnecar buuru
Babilon ànd ak gàngooru xareem gépp ci
kaw Yerusalem. Ñu dal fa janook
Yerusalem, yékkati gawukaay, wërale ko.
2 Dëkk ba gawe, ba keroog Cedesyas
tollu ci fukkeelu atu nguuram ak benn.
3 Keroog juróom ñeenti fan ca weer wa,
xiif ba tar lool ca biir dëkk ba, ba waa réew
ma amatuñu ab dund.
4 Xarekati Yuda ya génn guddi daw.
Fekk na waa Babilon gaw dëkk ba. Teewul
ñu rëcc, jaare ca bunt ba ca diggante ñaari
tata ya, ca wetu tóokëru buur. Cedesyas
daldi wuti yoonu xuru dexu Yurdan.
5 Waa Babilon nag topp Buur Cedesyas,
ba dab ko ca jooru Yeriko, fekk gàngooru
xareem gépp tasaaroo, wacc ko.
6 Ñu jàpp ko, yóbbu ko ca buuru Babilon
ca dëkk ba ñuy wax Ribla. Ñu dogal fa
àtteem.
7 Doomi Cedesyas yu góor lañu rendi,
muy gis, ba noppi ñu tuur ay bëtam, jénge
ko jéngi xànjar, yóbbu ko Babilon.

*Yàq nañu kër Aji Sax ji*

8 Ba Nebukatnecar buuru Babilon tolloo
ci fukkeelu atu nguuram ak juróom ñeent,
ba am juróom ñaari fan ca juróomeelu
weeru at ma, ca la bëkk-néegu buuru

Babilon, Nebusaradan njiitu dag ya, dugg
Yerusalem.
9 Mu taal kër Aji Sax ji, taal kër buur, ak
këri Yerusalem gépp, boole ca këri boroom
barke ya.
10 Gàngooru Babilon gépp daldi ànd ak
njiital dagi buur, ñu màbb tata ya wër
Yerusalem.
11 Gannaaw gi, ña nekkoon ca dëkk ba
ba booba, ak ña jébbaloon seen bopp buuru
Babilon ak la desoon ca waa réew ma,
Nebusaradan njiital dagi buur, boole leen
yóbbu ngàllo.
12 Teewul ñenn ca baadooloy réew ma,
njiital dag ya bàyyi leen fa, ñuy liggéey
tóokëri reseñ yaak tool ya.
13 Ci biir loolu kenuy xànjar ya woon ca
kër Aji Sax ji ak rootukaay yaak mbalkam
xànjar ma, waa Babilon toj lépp, boole
xànjar ja, yóbbu Babilon.
14 Ñu yóbbaale mboolem ndabi xànjar yi
ñuy liggéeye ci kër Aji Sax ji; ndabi
tibbukaayu dóom, ak ñiitukaay yi, ak ñiimi
feyukaayi làmp yi, ak ndab yiy def deretu
sarax yi, ak mboolem jumtukaayi xànjar
yu ñuy sarxalee.
15 Njiital dag ya yóbbaale andi cuuraay
yaak ndab yiy def deret. Lu ciy wurus, mu
ber, lu ciy xaalis, mu ber.
16 Ñaari kenu yooyu ak mbalka maak
rootukaay ya, lépp di xànjar bu Suleymaan
defaraloon kër Aji Sax ji, maneesula takk
diisaay ba.
17 Taxawaayu kenu gu ci nekk fukki
xasab* laak juróom ñett. Ab ponkub xànjar
a ci tege, bu taxawaay ba di ñetti xasab.
Ab caax wodd ponk bi, ànd ak doomi
gërënaati xànjar. Ñaari kenu yépp noonu,
ànd ak seeni caax.

## *Jàpp nañu Yudeen ñi njaam*

18 Ci kaw loolu njiital dag ya jàpp Seraya
sarxalkat bu mag ba, ak Sofoni sarxalkat
ba ca topp, ak ñetti dagi bunt kër Aji Sax ja.
19 Biir dëkk ba nag mu jële fa jenn jawriñ
ju jiite ay xarekat, ak juróomi niti dëkk ba
ñu sës ci Buur, ak bindkatub njiital xare
ba sasoo bind xarekat yi, ak juróom benn
fukki Yudeen ñu mu fekk ca biir dëkk ba.
20 Ba mu ko defee Nebusaradan, njiital
dagi buur, boole leen yóbbu ca buuru
Babilon ca Ribla.
21 Buuru Babilon nag jam leen, ñu dee,
foofa ca Ribla, ca réewum Amat. Noonu la
Yuda génne réewam, dem ngàllo.

## *Nebukatnecar tabb na Gedalya ca Yuda*

22 Mbooloo ma des ca réewum Yuda te
Nebukatnecar buuru Babilon bàyyi leen fa
nag, Gedalya doomu Axikam doomu
Safan la tabb mu jiite leen.
23 Ba mboolem kilifay xare ya déggee
ñook seeni nit ne buuru Babilon fal na
Gedalya, dañoo ànd dikk ca Gedalya ca
Mispa. Kilifa yooyu Ismayel doomu
Netaña la woon, ak Yoxanan doomu
Kareyax, ak Seraya doomu Tanumet ma
dëkk Netofa, ak Yaasaña doomu waa
Maaka ba, ñook seeni nit.
24 Gedalya giñal leen ne leen: «Buleen
ragala bokk ci surgay waa Babilon.
Toogleen ci réew mi te nangul buuru
Babilon, muy seen jàmm.»
25 Gannaaw gi, ca juróom ñaareelu weeru
at ma, Ismayel doomu Netaña doomu
Elisama, bokk ci askanu buur, ànd ak
fukki nit, dikk bóom Gedalya, bóomaale
waa Yudaak waa Babilon ya nekkoon ak
moom ca Mispa.
26 Ci kaw loolu mbooloo mépp fabu,
baadoolook boroom barke, ñook kilifay
xarekat ya, ñu daldi daw dem Misra ndax
ragal waa Babilon.

## *Tijji nañu Yoyakin buurub Yuda*

27 Yóbbu nañu Yoyakin buurub Yuda
ngàllo ba mu am fanweeri at ak juróom
ñaar, Ewil Merodag doora falu buur ca
Babilon. At mooma, fukkeelu weer waak
ñaar, ñaar fukki fan ak juróom ñaar ca weer
wa, ca la Ewil Merodag siggil Yoyakin
buurub Yuda, daldi koy tijji.
28 Ci biir loolu mu rafetook moom, jox
ko cér bu sut cér ba mu jox yeneen buur
ya mu bokkal curga ca Babilon.
29 Yoyakin nag teqalikook yérey kaso ya,
ba noppi ñu may ko muy bokk ak Buur
ndab giiru dundam.

* **25.17** ***xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

30 Ci biir loolu ñu dogal ko njëlam lu sax dàkk, bàyyikoo ci Buur bés bu jot, giiru dundam.

# 1.Jaar-jaar ya
## muy téere bi jiitu te ëmb jaar-jaari jamono

Ñaari téerey *Jaar-jaar ya* ca limeefu maam ya la tënke cosaanu Israayil, doore ca Aadama, jaare ci Ibraayma, ba keroog bi bànni Israayil di jóge ca réew ya ñu leen gàddaayloo, délsi Yerusalem.

Téere yii di ñaax askan wi, ngir ñu xam ne njaaxum li dikkal nguuri Israayil ak Yuda terewul Yàlla di sàmmonte ak ay digeem ñeel askan wi. Moo tax bindkat bi indi jaloore yu mag yu Daawuda ak Suleymaan def ak li Yosafat ak Esekiyas ak Yosya def ngir yeesal diine ji ci biir Yuda.

Téereb *Jaar-jaar ya* bu njëkk, ci ay limeefi maam la ubbee. Gannaaw loolu mu indi jaar-jaari Sawul ak Daawuda, ñaari buuri Israayil ya jiitu. Li téere bi tëje moo di gis-gis bi Daawuda am ci kër Yàlla ga Suleymaan doomam wara tabax.

Yàlla fas na kóllëre ak Daawuda, bi mu ko nee: «Maay yékkati kenn ci saw askan mu wuutu la, jóge ci sa geño; te maay taxawal nguuram. Kookoo may tabaxal kër te maay taxawal ab jalam ba fàww. Man baayam laay doon, moom muy sama doom» (17.11-14). *1.Jaar-jaar ya* moo yem ba fa ñu nee: «Suleymaan toog ci jalub Aji Sax ji, di buur, wuutu baayam» (29.23).

Ci tënk:

- 1.1—9.44. Limeefi maami waa kër Israayil taxaw na.
- 10.1-14 Lu jëm ci deewug Sawul.
- 11.1—23.1 Lu jëm ci nguurug Daawuda.
- 23.2—27.34 Lu jëm ci kër Yàlla gi ak Leween ñi ak njiiti giiri Israayil.
- 28.1—29.30 Li Daawuda def ci atam yu mujj yi.

## Limeefi askan yi

*(Saar 1—9)*

### *Li ko dale ca Aadama ba ca Ibraayma*

1 Aadama mooy baayu Set, Set di baayu Enos,
2 Enos di baayu Kenan, Kenan di baayu Maalaleel, Maalaleel di baayu Yeredd.
3 Yeredd di baayu Enog, Enog di baayu Matusalem, Matusalem di baayu Lemeg,
4 Lemeg di baayu Nóoyin, Nóoyin di baayu góor ñii di Sem ak Xam ak Yafet.

5 Doomi Yafet yu góor ñoo di Gomeer ak Magog ak Maday ak Yawaan ak Tubal ak Meseg ak Tiraas.
6 Doomi Gomeer yu góor ñoo di Askenas ak Difaat ak Togarma.
7 Doomi Yawaan yu góor ñoo di Elisa ak Tarsis ak Kitim ak Dodanim.
8 Doomi Xam yu góor ñoo di Kuus ak Misrayim* ak Puut ak Kanaan.
9 Doomi Kuus yu góor ñoo di Saba ak Awila ak Sabta ak Raama ak Sabteka. Doomi Raama yu góor di Seba ak Dedan.
10 Kuus moo jur Nimrodd, ki njëkk di jàmbaar ju siiw ci kaw suuf.

11 Misrayim nag mooy maami Luddeen ñi ak Anameen ñi ak Leyabeen ñi ak Naftuyeen ñi
12 ak Pataruseen ñi ak Kasluxeen ñi, ñooñee waa Filisti soqikoo, ak it Kaftoreen ñi.
13 Kanaan moo taawloo Sidon, teg ca Ett.
14 Kanaan mooy maamu Yebuseen ñi ak Amoreen ñi ak Girgaseen ñi.
15 Mooy maamu Eween ñi ak Arkeen ñi ak Sineen ñi.
16 Mooy maamu Arwàddeen ñi it ak Cemareen ñi ak Amateen ñi.
17 Doomi Sem yu góor ñoo di Elam ak Asur ak Arpagsàdd ak Ludd ak Aram. Góor ñi Aram jur† ñii la: Ucc ak Xuul ak Geter ak Meseg.
18 Arpagsàdd jur Sela, Sela jur Eber.
19 Eber moom jur ñaari doom yu góor. Kenn ki tudd Peleg (muy firi Séddalikoo), ndaxte ci jamonoom àddina dafa séddalikoo woon. Rakku Peleg ju góor mooy Yogtaan.
20 Yogtaan a jur Alamodàdd ak Selef ak Asarmawet ak Yerax
21 ak Adoram ak Usal ak Digla
22 ak Ebal ak Abimayel ak Seba
23 ak Ofir ak Awila ak Yobab. Ñooñu ñépp di doomi Yogtaan yu góor.

* **1.8 *Misrayim*** mooy Misra ba tey. † **1.17 *ñi Aram jur:*** seetal ci *Njàlbéen ga* 10.23.

24 Ci tënk, lii mooy askanu Sem: Sem
mooy baayu Arpagsàdd, Arpagsàdd di
baayu Sela.
25 Sela di baayu Eber, Eber di baayu
Peleg, Peleg di baayu Rew.
26 Rew mooy baayu Serug, Serug di
baayu Naxor, Naxor di baayu Teraa.
27 Teraa mooy baayu Ibraam miy
Ibraayma.

### *Li ko dale ca Ibraayma ba ca Yanqóoba*

28 Doomi Ibraayma yu góor ñoo di
Isaaxa ak Ismayla.
29 Ñii lañu meññ: taawub Ismayla bu
góor mooy Nebayot. Ña ca topp di Kedar
ak Adabeel ak Mibsam
30 ak Misma ak Duuma ak Maasa ak
Adàdd ak Tema
31 ak Yetur ak Nafis ak Kedama. Ñooñu
ñooy doomi Ismayla yu góor.
32 Ketura, nekkaaleb Ibraayma am naak
moom doom yu góor. Ñuy Simran ak
Yogsan ak Medan ak Majan ak Yisbag ak
Suwa. Doomi Yogsan yu góor di Seba ak
Dedan.
33 Doomi Majan yu góor ñoo di Efa ak
Efer ak Enog ak Abida ak Elda. Ñooñu
ñépp xeetu Ketura lañu.
34 Ibraayma mooy baayu Isaaxa. Doomi
Isaaxa yu góor di Esawu ak Israayil‡.
35 Doomi Esawu yu góor ñoo di Elifas ak
Rewel ak Yewus ak Yalam ak Kore.
36 Doomi Elifas yu góor ñoo di Teman ak
Omar ak Cefo ak Gatam ak Kenas ak
Amaleg mi mu am ak Timna§.
37 Doomi Rewel yu góor ñoo di Naxat ak
Sera ak Saama ak Misa.

### *Lu jëm ci ña sancoon réewum Edom*

38 Ñi sancoon Edom ñoo askanoo ci
doomi Seyir yu góor. Ñoo di Lotan ak Sobal
ak Cibeyon ak Ana ak Dison ak Eccer ak
Disan.
39 Doomi Lotan yu góor ñoo di Ori ak
Omam. Jigéenub Lotan di Timna.
40 Doomi Sobal yu góor ñoo di Alwan ak
Manaxat ak Ebal ak Sefi ak Onam. Doomi
Cibeyon yu góor di Aya ak Ana.
41 Doomu Ana ju góor moo di Dison.
Doomi Dison yu góor ñoo di Amran ak
Esban ak Yittran ak Keran.
42 Doomi Eccer yu góor ñoo di Bilan ak
Saawan ak Yakan. Doomi Disan yu góor di
Ucc ak Aran.
43 Buur ya falu woon ca réewum Edom,
lu jiitu benn buuru bànni Israayil di falu,
ñii la: Bela doomu Bewor ju góor. Dinaba
moo doon péeyam.
44 Ba Bela faatoo, Yobab doomu Sera ma
dëkk Boccara moo falu buur, wuutu ko.
45 Ba Yobab faatoo, Usam ma bokk ci
diiwaanu waa Teman falu buur, wuutu
ko.
46 Ba Usam faatoo, Adàdd doomu Bedàdd
ju góor ja duma woon waa Majan ca réewu
Mowab, daldi falu buur, wuutu ko.
Péeyam moo doon Awit.
47 Ba Adàdd faatoo, Samla ma dëkk
Masreka moo falu buur, wuutu ko.
48 Ba Samla faatoo, Sawul mu Rexobot
Efraat moo falu buur, wuutu ko.
49 Ba Sawul faatoo, Baal Anan doomu
Agbor ju góor moo falu buur, wuutu ko.
50 Ba Baal Anan faatoo, Adàdd moo falu
buur, wuutu ko. Pawu moo doon péeyam,
soxnaam di Metabeel ma Mataredd
doomu Mesaab di yaayam.
51 Gannaaw ba Adàdd faatoo, kilifa ya
jiite Edom ñoo di Timna ak Alwa ak Yetet
52 ak Olibama ak Ela ak Pinon
53 ak Kenas ak Teman ak Mibcar
54 ak Magdiyel ak Iram. Ñooñoo doon
kilifay Edom.

# 2
## Doomi Israayil ñii la

*(Saar 2–7)*

### *Askanu Yuda, maamu Daawudaa ngii*

1 Góor ñiy doomi Yanqóoba mi ñuy wax
itam Israayil ñoo di Ruben ak Simeyon ak
Lewi ak Yuda* ak Isaakar ak Sabulon
2 ak Dan ak Yuusufa ak Beñamin ak
Neftali ak Gàdd ak Aser.
3 Doomi Yuda yu góor ñoo di Er ak Onan
ak Sela. Ñooñu, doomu Suwa, ndawas
Kanaaneen sa la ko amal. Waaye Er,
taawub Yuda boobu, doonoon ku Aji Sax ji
seede coxoram; Aji Sax ji rey ko.

‡ **1.34** ***Israayil*** ak Yanqóoba, kenn ki la. § **1.36** ***Timna:*** seetal ci *Njàlbéen ga* 36.12. * **2.1** ***Yuda*** mooy maamu Daawuda. Seetal ci 2.15.

4 Ku ñuy wax Tamar, gorob Yuda ba
doomam doon denc, am ak Yuda Peres ak
Sera. Doomi Yuda yu góor yépp di juróom.
5 Doomi Peres yu góor nag di Esron ak
Amul.
6 Doomi Sera yu góor ñoo di Simri ak
Etan ak Eman ak Kalkol ak Daara; ñoom
ñépp di juróom.
7 Doomu Karmi ju góor moo di Akar†
(muy firi Musiba), ki yóbbe woon Israayil
musiba ba mu feccee worma ca mbir ya
ñu aayaloon, jagleel ko Yàlla.
8 Doomu Etan ju góor moo di Asaryaa.
9 Doomi Esron yu góor yi mu am ñoo di
Yeraxmeel ak Ram ak Kaleb, mooy
Kelubay ba tey.
10 Ram mooy baayu Aminadab,
Aminadab di baayu Naason, kilifag giirug
Yuda.
11 Naason mooy baayu Salma, Salma di
baayu Bowas.
12 Bowas mooy baayu Obedd, Obedd di
baayu Yese.
13 Yese mooy baayu Elyab, taawam bu
góor, Abinadab di tofoom, Simeya di
ñetteelu doomam ju góor.
14 Netaneel mooy ñeenteelu doomam ju
góor, Raday di juróomeelu doomam ju góor.
15 Occem a ca topp di juróom benneel,
Daawuda toppaat ca, di juróom ñaareelu
doomam ju góor.
16 Ñooñu seeni jigéen a doon Ceruya ak
Abigayil. Doomi Ceruya yu góor di Abisay,
Yowab ak Asayel, ñuy ñett.
17 Abigayil moo jur Amasa ma Yeter
Ismayleen ba di baayam.
18 Kaleb miy doomu Esron ju góor am na
ñetti doom yu góor ak soxnaam yi tudd
Asuba ak Yeryot, ñuy: Yeser, Sobab ak
Ardon.
19 Ba Asuba faatoo, Kaleb jël Efrata, mu
am ak moom Ur.
20 Ur mooy baayu Uri, Uri di baayu
Beccalel.
21 Gannaaw gi, Esron tollu ci juróom
benn fukki at, jël doomu Makir miy baayu
Galàdd. Mu am ca doom ju góor ju ñuy wax
Segub.
22 Segub mooy baayu Yayir ma tegoon
loxo ñaar fukki dëkk ak ñett ca diiwaanu
Galàdd.
23 Waaye Gesureen ñaak Arameen ña
nangu ca ñoom dëkk yu ndaw ya ca Yayir,
boole ca Kenat ak dëkk ya ca bokk, lépp di
juróom benn fukki dëkk. Góor ñooñu ñépp
nag doomi Makir lañu woon, moom baayu
Galàdd.
24 Gannaaw ba Esron faatoo ca Kaleb
Efrata, la Abya ma doon soxnaam jur
doomu Esron ja ñuy wax Asuur mi sanc
Tekowa.
25 Góor ñi Yeraxmeel, taawub Esron di
seen baay ñoo di Ram may taawam ak
Buna ak Oren ak Occem ak Axya.
26 Yeraxmeel jëlaat na soxna su ñuy wax
Atara, am ca ku ñuy wax Onam.
27 Ram, taawub Yeraxmeel, ay doomam
yu góor ñoo di Màcc ak Yamin ak Eker.
28 Doomi Onam yu góor ñoo di Samay ak
Yada. Doomi Samay yu góor di Nadab ak
Abisur.
29 Abisur nag jël Abiyayil, am ca Aban
ak Molit.
30 Doomi Nadab yu góor ñoo di Selet ak
Apayim. Selet faatu na te amul doom.
31 Doomu Apayim ju góor moo di Yisey.
Doomu Yisey ju góor moo di Sesan.
Doomu Sesan di Axlay.
32 Góor ñi Yada mi bokk ak Samay jur
ñoo di Yeter ak Yonatan. Yeter faatu na te
amul doom.
33 Doomi Yonatan yu góor ñoo di Pelet ak
Sasa. Ñooñu ñoo soqikoo ci Yeraxmeel.
34 Sesan nag amul doom ju góor waaye
ay jigéen la am. Sesan amoon na jaamu
waa Misra bu tudd Yarxa.
35 Mu may Yarxa kenn ciy doomam yu
jigéen. Mu amal ko ca doom ju góor ju tudd
Atay.
36 Atay mooy baayu Natan, Natan di
baayu Sabàdd.
37 Sabàdd mooy baayu Eflal, Eflal di
baayu Obedd.
38 Obedd mooy baayu Yewu, Yewu di
baayu Asaryaa.
39 Asaryaa mooy baayu Elecc, Elecc di
baayu Elasa.

† **2.7** ***Akar*** mooy Akan ba tey. Seetal ci *Yosuwe* saar 7.

40 Elasa mooy baayu Sismay, Sismay di
baayu Salum.
41 Salum mooy baayu Yekamya,
Yekamya di baayu Elisama.
42 Góor ñi Kaleb, ma bokk ak Yeraxmeel,
di seen baay ñoo di Mesa, may taawam, te
di baayu Sif ak Maresa, baayu Ebron.
43 Doomi Ebron yu góor ñoo di Kore ak
Tapuwa ak Rekem ak Sema.
44 Sema mooy baayu Raxam, Raxam di
baayu Yorkam, Rekem mooy baayu
Samay.
45 Samay mooy baayu Mawon, Mawon
di baayu Bet Cur.
46 Kaleb, Efa nekkaaleem la woon. Moo
jur Karan ak Mocca ak Gases. Karan am
na doom ju góor ju mu tudde Gases moom
it.
47 Doomi Yaday yu góor ñoo di Regem ak
Yotam ak Gesan ak Pelet ak Efa ak Saaf.
48 Kaleb amoon na beneen nekkaale bu
ñuy wax Maaka. Mu am ak moom Seber
ak Tirxana.
49 Gannaaw mu amaat ku ñuy wax Saaf
di baayu Madmana, ak ku ñuy wax Sewa,
di baayu Magbena ak Gibeya. Doomu
Kaleb ju jigéen mooy Agsa.
50 Ñeneen a ngi di ñu askanoo ci Kaleb:
Ur taawam baak soxnaam sa ñuy wax
Efrata, am na ñetti doom yu góor di Sobal
ma sanc Kiryaat Yarim,
51 ak Salma ma sanc Betleyem, ak Aref
ma sanc Bet Gader.
52 Sobal ma sanc Kiryaat Yarim moo
meññ waa Arowe ak genn-wàllu waa
Menuxot.
53 Sobal moo meññ itam làngi Kiryaat
Yarim yii di Yetereen ñi ak Puuteen ñi ak
Sumateen ñi ak Misrayeen ñi. Ci ñooñu la
Corateen ñeek Estawleen ñi soqikoo.
54 Salma moo meññ waa Betleyem ak
Netofa ak Aterot Bet Yowab ak genn-wàllu
waa Manaxat ak Coreyeen ñi.
55 Salma moo meññ itam làngi bindkat
ya dëkk Yabecc, di Tirateen ñi ak Simateen
ñi ak Sukateen ñi. Ñooñu ay Keñeen lañu ñu
soqikoo ca Amat maamu waa kër Rekab.

# 3

*Ñii ñooy doomi Daawuda*

1 Doomi Daawuda yu góor ya mu amoon
ca Ebron ñoo di: Amnon taaw ba
Axinowam ma dëkkoon Yisreel di ndeyam.
Ñaareelu doomam ju góor di Dañeel ma
Abigayil ma dëkkoon Karmel di ndeyam.
2 Ñetteelu doomam ju góor moo di
Absalom ma Maaka doomu Talmay
buurub Gesur di ndeyam. Ñeenteel ba di
Adoña ma Agit di ndeyam.
3 Juróomeelu doomam ju góor moo di
Sefatiya, ma Abital di ndeyam. Juróom
benneelu doomam ju góor di Ittireyam ma
mu am ak soxnaam sa ñuy wax Egla.
4 Juróom benn ñooñu la Daawuda am ca
Ebron ga mu falu buur juróom ñaari at ak
juróom benni weer.

Fanweeri at ak ñett nag la Daawuda falu
ca Yerusalem.
5 Ña Daawuda am ca Yerusalem ñoo di
Simeya ak Sobab ak Natan ak Suleymaan.
Ñooñu ñeent Batseba mi Amyel di baayam
mooy seen ndey.
6 Daawuda am na it Ibaar ak Elisama ak
Elifelet.
7 Am na Noga ak Nefeg ak Yafya.
8 Am na Elisama ak Elyada ak Elifelet.
Muy yeneen juróom ñeenti doomi
Daawuda yu góor.
9 Muy mboolem doomi Daawuda yu
góor ba mu des doom yi mu am ak ay
nekkaaleem. Amoon na itam doom ju
jigéen ju ñuy wax Tamar.

*Ñii ñooy buuri Yuda*

10 Doomu Suleymaan mooy Robowam
mi jur Abya, mu jur Asa, mu jur Yosafat.
11 Yosafat jur Yexoram, mu jur Axasya,
mu jur Yowas,
12 mu jur Amaciya, mu jur Asaryaa, mu
jur Yotam;
13 Yotam jur Axas, mu jur Esekiyas, mu
jur Manase.
14 Manase moo jur Amon mi jur Yosya.
15 Doomi Yosya yu góor ñoo di Yoxanan,
ñaareelu doomam di Yoyakim, ñetteel ba di
Cedesyas, ñeenteel ba di Salum.
16 Doomi Yoyakim yu góor ñoo di Yekoña
ak Cedesyas.

*Lii mooy askanu buur gannaaw gàddaay ga*

17 Yekoña lañu yóbbu ngàllo Babilon.
Doomi Yekoña yu góor ñoo di Selcel
18 ak Malkiram ak Pedaya ak Senacar ak
Yekamya ak Osama ak Nedabya.
19 Doomi Pedaya yu góor ñoo di
Sorobabel ak Simey. Sorobabel am na
ñaari doom yu góor, Mesulam ak Anaña, ak
doom ju jigéen ju ñuy wax Selomit.
20 Mu dellu am juróomi doom yu góor.
Ñuy Asuba ak Oyel ak Berekya ak Asaja ak
Yusab Xeset.
21 Ñi askanoo ci Anaña di ay góor ñoom
ñépp di Pelaca ak Yesaya; ak itam doom yu
góor yu Refaya ak yu Arnan ak yu Abdiyas
ak yu Sekaña.
22 Ñi askanoo ci Sekaña ñoo di Semaya
aki doomam yu góor, ñooy Atus ak Igal ak
Baryax ak Neyarya ak Safat. Ñuy juróom
benn.
23 Doomi Neyarya yu góor ñoo di
Elyonay ak Esekiyas ak Asrikam, ñuy ñett.
24 Doomi Elyonay yu góor ñoo di Odawya
ak Elyasib ak Pelaya ak Akub ak Yoxanan
ak Delaya ak Anani, ñuy juróom ñaar.

# 4

## *Yeneen làngi Yudaa ngi nii*

1 Ñi askanoo ci Yuda ñoo di Peres ak
Esron ak Karmi ak Ur ak Sobal.
2 Reyaya doomu Sobal mooy baayu
Yaxat, Yaxat di baayu Axumay ak Lawat.
Ñaar ñooñu ñoo meññ làngi Corateen ñi.
3 Ñi sant Etam ñoo di Yisreel ak Yisma ak
Yitbas. Àccelelponi mooy seenub jigéen.
4 Penuwel mi jur Gedor, ak Eser mi jur
Usa ñoo doon góor ñi Ur di seen baay. Ur
mooy taawub Efrata ma sanc Betleyem.
5 Asuur ma sanc Tekowa amoon ñaari
soxna: Ela ak Naara.
6 Naara am ak moom Axusam ak Efer ak
Temni ak Axastari. Ñooy doomi Naara yu
góor.
7 Ela am naak moom ay doom yu góor:
Ceret ak Cowar ak Etnan
8 ak Kocc mi doon baayu Anub ak
Accobeba, te mooy maamu làngi Axarxel,
góor ga Arum di baayam.
9 Am na jenn way ju ñuy wax Yabecc.
Moom lañu gënoona naw ci ñi mu bokkal.
Yaayam tudde ko Yabecc ndax da ne: «Ci
mitit wu tar laa ko jure*.»
10 Yabecc nag woo Yàllay Israayil wall,
ne ko: «Éy, soo ma barkeeloon a barkeel,
yokk samag moomeel, ànd ak man, musal
ma ci lu aay lu may yóbbe mitit.» Yàlla may
ko la mu ñaan.
11 Ku ñuy wax Kelub moo bokk ak Suxa,
di baayu Mexir, Mexir mooy baayu Eston.
12 Eston mooy baayu Bet Rafa ak Paseya
ak Texina. Texina moo sanc dëkk ba ñuy
wax Naxas. Ñooy ñoo dëkkoon Reka.
13 Doomi Kenas yu góor ñoo di Otniyel
ak Seraya. Doomi Otniyel yu góor ñooy
Atàdd ak Meyonotay.
14 Meyonotay mooy baayu Ofra, Seraya
di baayu Yowab ma sancoon fa ñuy
woowe xuru Liggéeykat ya ndax ay
liggéeykat lañu woon.
15 Doomi Kaleb, doomu Yefune, ñoo di
Iru ak Ela ak Naam. Ela moo doon baayu
Kenas.
16 Doomi Yewalelel yu góor di Sif ak Sifa
ak Tirya ak Asareel.
17-18 Doomi Esra yu góor di Yeter ak
Meredd ak Efer ak Yalon. Bitya soxnas
Meredd moo jur Maryaama ak Samay ak
Yisbax ma jur Estemowa. Bitya moo doon
doomu Firawna. Meredd amoon na itam
soxnas waa Yuda, am ak moom Yeredd,
ma sanc Gedor, ak Eber ma sanc Soko, ak
Yekutiyel ma sanc Sanowa.
19 Oja moo doon denc jigéenub Naxam.
Ñoo meññ Garmeen ñi ña dëkke woon
Keyla, ak Maakateen ña dëkke woon
Estemowa.
20 Doomi Simoŋ yu góor ñoo di Amnon
ak Rina ak Ben Anan ak Tilon. Ñi askanoo
ci Yisey ñoo di Soxet ak doomu Soxet ju
góor.
21 Ña askanoo ci Sela, doomu Yuda ju
góor, ñoo di Er ma sanc Leka, ak Lada ma
sanc Maresa, ak itam làngi ya séq kër ga
ñuy liggéeye lẽe ca Bet Asbeya.
22 Sela ba tey moo meññ Yokim, boole ca
ña dëkk Koseba ak ña dëkk Yowas ak Saraf
te moomoon Mowab bala ñoo dellu
Lexem. Mbir mu yàgg a ngoogu.

* **4.9** ***Yabecc*** dafa niroo ak baat biy firi mitit.

23 Ñooñu ay tabaxkati ndabi ban lañu
woon. Ña nga dëkke woon Netayim
Gedera, di fa liggéeyal buur.

*Lii mooy askanu Simeyon, doomu Yanqóoba*

24 Doomi Simeyon yu góor ñoo di
Nemwel ak Yamin ak Yarib ak Sera ak
Sawul.
25 Góor ñi askanoo ci Sawul ñoo di Salum
mi jur Mibsam mu jur Misma.
26 Ñi askanoo ci Misma di Amuwel mi
jur Sakur mu jur Simey.
27 Simey amoon na fukki doom yu góor
ak juróom benn, ak juróom benni doom yu
jigéen waaye ñu góor ñi mu bokkal
jabootuñu. Moo tax seeni làng yépp
giiruñu ni làngi Yuda.
28 Ña nga dëkke woon Beerseba ca
Molada ak Àccar Suwal.
29 Dëkke woon nañu Bilaa it ak Eccem ak
Tolat.
30 Dëkke woon nañu Betuwel ak Xorma
ak Ciglaag.
31 Dëkke woon nañu Bet Markabot ba tey
ak Àccar Susim ak Bet Birey ak Saarayim.
Looloo doon seeni dëkk ba jant ya
Daawuda faloo.
32 Amoon nañu itam juróomi dëkk yu
ndaw, muy Etam ak Ayin ak Rimon ak
Token ak Asan.
33 Ñu boole ca nag mboolem seen
dëkk-dëkkaan yu ndaw ya wër dëkk yooyu
ba ca Baal. Gox yooyu lañu dëkke woon te
noonu lañu binde seen limeefu askan.
34 Ni ñu lime kilifay làngi Simeyon nii la:
Mesobab ak Yamleg ak Yosa, doomu
Amaciya ju góor.
35 Yowel ca la ak Yewu doomu Yosbiya
miy doomu Seraya ju góor tey sëtub Asyel.
36 Elyonay bokk na ca ak Yaakoba ak
Yesoxaya ak Asaya ak Adiyel ak Yesimyel
ak Benaya.
37 Sisa it bokk na ca; mooy góor gay
doomu Sifey, doomu Alon, doomu Yedaya,
doomu Simri, doomu Semaya.
38 Ñooñu ñu lim seen tur ay kilifa lañu
woon ci seeni làng. Mujj nañu bare lool.
39 Loolu tax ñu tas wuti Gedor, fa féeteek
penkub xur wa, ngir amal seeni gàtt parlu.
40 Ñu gis fa parlu mu naat te baax. Foofa
it yaatu lool, am jàmm te dal. Ña fa dëkkoon
lu jiitu nag ña nga bokkoon ci askanu Xam.
41 Ñooñu ñu lim seeni tur, dikk fa ca
jamonoy Esekiyas buurub Yuda; daldi yàq
xayma yi ak mbaari sëti Xam yooyu,
faagaagal leen, ba ñu jeex tàkk ba tey jii.
Ba loolu amee ñu wuutu leen fa ndax
parlu ma ñu fa amal seeni gàtt.
42 Amoon na it juróomi téeméeri nit ñu
bokk ci askanu Simeyon ñu jàll ba ca
diiwaanu tundi Seyir, ci njiital ñeenti
doomi Yisey yu góor ya, di Pelaca ak
Neyarya ak Refaya ak Usyel.
43 Ba mu ko defee ñu rey ña desoon ca
Amalegeen ña, dëkk fa nag booba ba bésub
tey jii.

# 5

*Lii mooy askanu Ruben, doomu Yanqóoba*

1 Ruben moo doon taawub Israayil bu
góor. Waaye gannaaw ba mu tëddee
soxnas baayam, cér ba mu yelloo woon
ndax la muy taaw, dañu koo féetale doomi
góor ñi Yuusufa doomu Israayil, di seen
baay. Taxul nag ñu bind Ruben, ba def ko
mu dib taaw ci limu cosaan yi.
2 Yuda it ku amoon doole la ci biiri
bokkam, te ci moom la buurub Israayil
soqikoo. Waaye terewul céru taaw ba
féeteek Yuusufa.
3 Góor ñi Ruben, taawub Israayil, di seen
baay ñoo di Enog ak Palu ak Esron ak
Karmi.
4 Góor ñi askanoo ci Yowel ñoo di
Semaya mi jur Gog mu jur Simey.
5 Simey moo jur Mise mi jur Reyaya mu
jur Baal.
6 Baal moo jur Beera kilifag giiri Ruben
ga Tiglaat Pilser buurub Asiri jàppoon,
yóbbu réewam.
7 Bokki Bera ya doon ay kilifa ca seeni
làng, bindoon nañu leen ca limeef ya. Ka
ca jiitu di Yewel, Sàkkaryaa topp ca.
8 Ka ca topp nag di Bela, ku góor ka Asas
di baayam, te Sema di maamam ju góor yi
Yowel di baayam. Ña nga dëkkoon ca
diiwaan ba ca diggante Arower ak Nebo
ak Baal Mewon.
9 Ca wetu penku dëkke woon nañu ko ba
fa leru màndiŋ ma xàjjale woon seen suuf
ak dexu Efraat. Ndax nag dañoo bare
woon ag jur ca diiwaanu Galàdd googu.

10 Ca jamonoy Sawul giirug Ruben
googu xare nañook Agareen ña, ba duma
leen, daldi dëkke seen xayma ca mboolem
diiwaan ya féete Galàdd penku.

*Lii mooy askanu Gàdd, doomu Yanqóoba*

11 Ñi askanoo ci Gàdd a nga dëkkoon fa
janook ñoom ca diiwaanu Basan ba ca
Salka.
12 Làng ga ca jiitu woon moo doon yu
Yowel, ga ca topp di gu Safam, ga ca
toppaat di gu Yanay, ak Safat ca Basan.
13 Ñu feggook seeni bokk yu def juróom
ñaari làng, muy làngug Mikayel ak làngug
Mesulam ak làngug Seba ak làngu Yoray ak
làngu Yakan ak làngu Siya ak làngu Eber.
14 Ñi sos làng yooyu nag ñoo di doomi
Abixayil yu góor; seen maam yu góor di
Uri, ak Yarowax mi jur Uri, ak Galàdd mi
jur Yarowax, ak Mikayel mi jur Galàdd, ak
Yesisay mi jur Mikayel, ak Yado mi jur
Yesisay, ak Bus mi jur Yado.
15 Axi, ku góor kay doomu Abdiyel, di
sëtub Gunni moo doon kilifag làng yooyu.
16 Askanu Gàdd nag ñoo dëkke woon
mboolem diiwaanu Galàdd ak Basan ak
gox ya ca bokk, boole ca parluy Saron, ba
fa mu yem.
17 Ñi bokk ci làng yooyu yépp limees na
leen na ñu cosaanoo, ca janti Yotam
buurub Yuda ak Yerbowam buurub
Israayil.
18 Waa giiri Ruben ak gu Gàdd ak
genn-wàllu giirug Manase amoon nañu ay
jàmbaar, ñu mane pakk ak saamar ak
xalaaki fitt, boole ci tàggatu ngir xare, ñépp
tollu ci ñeent fukki junni ak ñeent ak
juróom ñaari téeméer ak juróom benn fukk
(44 760), di ñu tollu ci xare.
19 Ñu xareek Agareen ña ak askanu
Yetur ak askanu Nafis ak askanu Nodab.
20 Ca biir xare ba nag ñu woo Yàlla wall.
Yàlla nangul leen ndax kóolute gu ñu
amoon ci moom, mu wallu leen ba ñu
duma Agareen ña ak mboolem ña àndoon
ak ñoom.
21 Ñu nangu seenug jur, muy juróom
fukki junniy (50 000) giléem, ak ñaari
téeméeri junni ak juróom fukki (250 000)
gàtt, ak ñaari junniy (2 000) mbaam, jàpp ca
téeméeri junniy (100 000) nit.
22 Rey nañu ca ñu baree bare, ndax
Yàllaa yoroon xare ba. Ñu wuutu nag
Agareen ña ca seen suuf, ba keroog ñu
yóbbu bànni Israayil réewum jàmbur.

*Lii mooy askanu genn-wàllu giirug Manase, doomu Yanqóoba*

23 Genn-wàllu giirug Manase gaa nga
dëkke woon fa dale Basan ba ca Baal
Ermon ca Senir ak tundu Ermon. Ñu
giiroon lañu.
24 Ña yilifoon seen këri maam ca ñoom
ñoo di Efer ak Yisey ak Elyel ak Asriyel ak
Yeremi ak Odawya ak Yadiyel. Kilifay kër
yooyu ay ñeyi xare lañu woon, di ay nit ñu
siiw.
25 Waaye gannaaw gi waa giir yooyu
fecci worma seen digganteek seen Yàllay
maam, di bokkaaleek yàllay waa réew mi
leen Yàlla reyaloon.
26 Ci kaw loolu Israayil xabtal Pul
buurub Asiri, di Tiglaat Pilser buurub
Asiri, xiir ko ci song réewum giirug Ruben
ak Gàdd ak genn-wàllu giirug Manase, jàpp
leen, toxal ca diiwaani Ala ak Abor ak Ara
ak ca wetu dexu Gosan. Ñu daldi fay des
ba bésub tey jii.

*Lii mooy askanu Lewi, doomu Yanqóoba*

27 Doomi Lewi yu góor ñoo di Gerson ak
Keyat ak Merari.
28 Doomi Keyat yu góor ñoo di Amram ak
Iccar ak Ebron ak Usyel.
29 Doomi Amram yu góor ñoo di Aaróona
ak Musaa, Maryaama di doomam yu
jigéen. Doomi Aaróona yu góor ñoo di
Nadab ak Abiyu ak Elasar ak Itamar.
30 Elasar mooy baayu Fineyas, Fineyas
di baayu Abiswa.
31 Abiswa mooy baayu Bukki, Bukki di
baayu Usi.
32 Usi mooy baayu Seraxya, Seraxya di
baayu Merayot.
33 Merayot mooy baayu Amarya,
Amarya di baayu Axitub.
34 Axitub mooy baayu Cadog, Cadog di
baayu Aximàcc.
35 Aximàcc mooy baayu Asaryaa di
baayu Yoxanan.
36 Yoxanan mooy baayu Asaryaa.
Asaryaa moomu sarxalkat la woon ca kër

Yàlla ga Suleymaan tabaxoon ca
Yerusalem.
37 Asaryaa mooy baayu Amarya,
Amarya di baayu Axitub.
38 Axitub mooy baayu Cadog, Cadog di
baayu Salum.
39 Salum mooy baayu Ilkiya, Ilkiya di
baayu Asaryaa.
40 Asaryaa mooy baayu Seraya, Seraya
di baayu Yoccadag.
41 Yoccadag moomu gàddaayloo nañu ko
ca jamono ja Aji Sax ji toxal waa Yuda ak
Yerusalem, jaarale ko ci Nebukatnecar.

# 6

1 Doomi Lewi yu góor di Gerson, Keyat
ak Merari.
2 Ñii ñoo di doomi Gerson yu góor: Libni
ak Simey.
3 Doomi Keyat yu góor ñoo di Amram ak
Iccar ak Ebron ak Usyel.
4 Doomi Merari yu góor ñoo di Maxli ak
Musi. Ñooñu ñooy ñi ñu tudde làngi giirug
Leween ñi ni leen seeni maam lime.
5 Góor ñi askanoo ci Gerson ñoo di
doomam Libni mi jur Yaxat mu jur
Simma.
6 Simma moo jur Yowax mi jur Ido mu
jur Sera ak Yettray.
7 Góor ñi askanoo ci Keyat ñoo di
Aminadab mi jur Kore mu jur Asir.
8 Asir jur Elkana mi jur Abyasaf mu jur
Asir.
9 Asir moomu jur Taxat mi jur Uryel mu
jur Osiyas mu jur Sawul.
10 Elkana am na yeneen doom yu góor,
ñuy Amasay ak Aximot.
11 Góor ñi soqikoo ci Elkana ñoo di Cofay
mi jur Naxat.
12 Naxat jur Elyab mu jur Yeroxam mi
jur Elkana.
13 Doomi Samiyel yu góor ñoo di Yowel
taawam, ka ca topp di Abya.
14 Góor ñi soqikoo ci Merari nii lañu
toppantee: Maxli mi jur Libni mu jur
Simey mu jur Usa.
15 Usa jur Simeya mi jur Agiya mu jur
Asaya.

*Daawuda sas na woykat yi*

16 Ñii ñoo di Leween ñi Daawuda sasoon
ñuy jiite woy yi ci kër Aji Sax ji, bu ñu fa
xasee yeb gaalu Yàlla ga.
17 Ñooñu ñoo yoroon liggéeyu woy ya fa
kanam jaamookaay ba, ca xaymab ndaje
ma, ba keroog Suleymaan tabaxee kër Aji
Sax ji ca Yerusalem. Ñuy def seen liggéey
nag na ñu leen ko sante.
18 Ñi sasoo woon liggéey boobu ñook
seeni doom yu góor ñii la: làngu Keyat:
Eman woykat ba, doomu Yowel, doomu
Samiyel,
19 doomu Elkana, doomu Yeroxam,
doomu Elyel, doomu Towa,
20 doomu Cuuf, doomu Elkana, doomu
Maxat, doomu Amasay,
21 doomu Elkana, doomu Yowel, doomu
Asaryaa, doomu Sofoni,
22 doomu Taxat, doomu Asir, doomu
Abyasaf, doomu Kore,
23 doomu Iccar, doomu Keyat, doomu
Lewi, doomu Israayil.
24 Ku góor ka daan taxaw ca wetu
ndijooru Eman ca liggéey ba moo doon
mbokkam Asaf. Asaf moo doon doomu
Berekya, doomu Simeya,
25 doomu Mikayel, doomu Baaseya,
doomu Malkiya,
26 doomu Etni, doomu Sera, doomu
Adaya,
27 doomu Etan, doomu Simma, doomu
Simey,
28 doomu Yaxat, doomu Gerson, doomu
Lewi.
29 Waa làngi Merari ñoo daan féete
càmmoñ: Etan doomu Kisi, doomu Abdi,
doomu Malukk,
30 doomu Asabya, doomu Amaciya,
doomu Ilkiya,
31 doomu Amci, doomu Bani, doomu
Semer,
32 doomu Maxli, doomu Musi, doomu
Merari, doomu Lewi.
33 Seen yeneen mbokki Leween ñi ñoo
doon def mboolem yeneen liggéeyi kër
Yàlla ga.

*Ñii ñooy askanu Aaróona*

34 Waaye Aaróona ak góor ñi askanoo ci
moom ñoo doon lakk sarax yi ci kaw
sarxalukaayu rendi-dóomal yi, di taal
cuuraay li ci kaw sarxalukaayu cuuraay

ba, di toppatoo mboolem lu jëm ci néeg bu
sella sell ba. Ba tey ñoo doon daa defal
Israayil seen njotlaay, na ko Musaa, jaamu
Yàlla ba digle woon.
35 Góor ñi askanoo ci Aaróona nii lañu
toppantee: Elasar doomu Aaróona, moo
jur Fineyas mi jur Abiswa.
36 Abiswa moo jur Bukki mi jur Usi mu
jur Seraxya.
37 Seraxya moo jur Merayot mi jur
Amarya mu jur Axitub.
38 Axitub moo jur Cadog mu jur
Aximàcc.

### *Lu jëm ci suufu Leween ña*

39 Gox yii ñuy lim la askanu Aaróona wi
bokk ci làngu Keyat dëkke woon. Ñoo
njëkka jot ca seen suuf sa ñu muurloo ci
kaw tegoo bant.
40 Jox nañu leen Ebron, dëkk bu mag ba
ca Yuda ak àlli parlu ya ko wër.
41 Waaye fekk na tool yaak dëkk yu
ndaw ya bokk ca dëkk bu mag ba, jox nañu
ko Kaleb, ku góor kay doomu Yefune.
42 Góor ñi askanoo ci Aaróona lañu jox
Ebron, dëkkub rawtu ba, ak Libna ak àlli
parlu ya ko wër, ak Yatir ak Estemowa ak
parlu ya ko wër;
43 ak Ilen* ak parlu ya ko wër, ak Debir
ak parlu ya ko wër;
44 ak Asan ak parlu ya ko wër, ak Bet
Semes ak parlu ya ko wër.
45 Jële nañu ci suufas giirug Beñamin
dëkk ba ñuy wax Geba aki parloom, ak
Alemet aki parloom, ak Anatot aki
parloom. Lépp di fukki dëkk ak ñett yu ñu
séddoo ci seeni làng.
46 Waa kër góor ña des ci askanu Keyat
lañu jox fukki dëkk yu bokk ci suufas
giirug Efrayim ak giirug Dan ak
genn-wàllu giirug Manase.
47 Waa kër góor ñi askanoo ci Gerson
lañu jox fukki dëkk yu mag ak ñett yu bokk
ci suufi giiri Isaakar ak Aser ak Neftali ak
genn-wàllu giirug Manase ga dëkke
diiwaanu Basan.
48 Góor ñi askanoo ci Merari la seen làng
muurloo ci tegoo bant fukki dëkk yu mag
ak ñaar yu bokk ci suufi giiri Ruben ak
Gàdd ak Sabulon.
49 Noonu la bànni Israayil joxe Leween
ñi dëkk yooyu ak seeni parlu.
50 Dëkk yooyu bokk ci suufi Yuda ak
Simeyon ak Beñamin, di dëkk yi ñu jota lim
seeni tur ci kaw, ab tegoo bant lañu leen
joxe.
51 Lenn ci kër yu bokk ci làngi Keyat lañu
jox dëkk yu mag yii bokk ci suufi giirug
Efrayim:
52 ca diiwaanu tundi Efrayim, Sikem
dëkku rawtu ba ak parloom; ak Geser ak
parloom;
53 ak Yogmeyam ak parloom; ak Bet
Oron ak parloom;
54 ak Ayalon ak parloom; ak Gaat Rimon
ak parloom.
55 Ñu ame ba tey ca suufas genn-wàllu
giirug Manase dëkk yii ànd ak seeni parlu:
Aner ak Bileyam. Làngi yeneen doomi
Keyat a ko séddoo.
56 Góor ñi askanoo ci Gerson lañu jox lii:
ci céru genn-wàllu giirug Manase lañu leen
sédde dëkk yu mag yii ànd ak seeni parlu:
di Golan ci diiwaanu Basan, ak Astarot,
57 joxaat leen ci suufas giirug Isaakar
dëkk yii ànd ak seeni parlu: di Kedes ak
Dabraat
58 ak Ramot ak Anem.
59 Ñu dellu jox leen ci suufas giirug Aser
dëkk yii ànd ak seeni parlu: di Masal ak
Abdon
60 ak Ukog ak Rexob.
61 Ñu dellooti jox leen ci suufas giirug
Neftali dëkk ba ñuy wax Kedes ca Galile ak
àllub parlu ya ko wër, ak Amon ak parlu ya
ko wër, ak Kiryaatayim aki parloom.
62 Góor ñi askanoo ci Merari, muy ña des
ca Leween ña, ñoom lañu jox suuf sa ñu jële
ca suufas giirug Sabulon. Dëkk yii la ak
seeni parlu: Rimono ak Tabor.
63 Ñu joxaat leen dëkk ya ca wàllaa dexu
Yurdan ca penkub Yeriko, te bokk ca
suufas giirug Ruben. Mooy dëkk yii ànd ak
seeni parlu: di Beccer ga ca ndànd-foyfoy
ga ak Yaxacc
64 ak Kedemot ak Mefaat.
65 Ñu joxati leen ci suufas giiru Gàdd,
dëkk yii ak seeni parlu: di Ramot ga ca
Galàdd, ak Maxanayim

* **6.43 *Ilen*** mooy Iles ba tey.

66 ak Esbon ak Yaser.

# 7

### *Lii mooy askanu Isaakar, doomu Yanqóoba*

1 Isaakar amoon na ñeenti doom yu góor:
Tola ak Puwa ak Yasub ak Simron.
2 Doomi Tola yu góor ñoo di Usi ak
Refaya ak Yeryel ak Yaxmay ak Ibsam ak
Samiyel. Ñooñoo soqeekoo ci Tola, jiite
seeni kër baay, di ay ñeyi xare ca seen biiri
bokk. Ca jamonoy Daawuda waa askanu
Tola ñu ngi tollu woon ci ñaar fukki
junneek ñaar ak juróom benni téeméer
(22 600).
3 Doomu Usi ju góor moo di Israxya.
Israxya ak doomam yu góor, di Mikayel ak
Abdiyas ak Yowel ak Isiya, ñoom juróom
ñépp ay kilifa lañu woon.
4 Ñoom ci seen biir askan, làng ak làng
amoon nañu fanweeri junni ak juróom
benni (36 000) xarekat yu jekk ci xare,
ndax amoon nañu jabar yu bare ak doom
yu góor yu bare.
5 Mboolem ñeneen ñi bokk ci làngi
Isaakar te diy ñeyi xare yu ñu bind ci
limeef yi, juróom ñett fukki junni lañu
woon ak juróom ñaar (87 000).

### *Lii mooy askanu Beñamin, doomu Yanqóoba*

6 Doomi Beñamin yu góor ñoo di Bela,
Beker ak Yediyel, ñuy ñett.
7 Doomi Bela yu góor ñoo di Eccbon ak
Usi ak Usyel ak Yerimot ak Iri, ñuy juróomi
ñeyi xare yu jiite seeni kër baay, ñu bind
leen ci limeef yi, ñoom ñépp di ñaar fukki
junneek ñaar yu topp fanweer ak ñeent
(22 034).
8 Doomi Beker yu góor ñoo di Semira ak
Yowas ak Elyeser ak Elyonay ak Omri ak
Yeremot ak Abya ak Anatot ak Alemet;
ñoom ñépp di doomi Beker yu góor.
9 Ña doonoon ay ñeyi xare, jiite seeni kër
baay ya ñu bind ca limeef ya, ñuy ñaar
fukki junni ak ñaari téeméer (20 200).
10 Doomu Yediyel ju góor di Bilan mi jur
Yewus ak Beñamin ak Ewudd ak Kenaana
ak Setan ak Tarsis ak Axisaxaar.
11 Mboolem ñooñu soqeekoo ci Yediyel
di ay ñeyi xare yu jiite seeni kër baay, fukki
junniy nit ak juróom ñaar ak ñaari téeméer
(17 200) lañu woon, ñépp tollu ci xare.
12 Suppim ak Uppim doomi Ir yu góor
lañu woon, Usim di doomu Axer ju góor.

### *Lii mooy askanu Neftali, doomu Yanqóoba*

13 Doomi Neftali yu góor ñoo di Yàcceel
ak Gunni ak Yeccer ak Salum, yaayu
Neftali di Bilaa.

### *Lii mooy askanu Manase, doomu Yanqóoba*

14 Doomi Manase yu góor ñoo di Asriyel
ak Makir, ña mu am ak nekkaaleem ba
doon waa Siri. Makir mooy baayu Galàdd.
15 Makir moomu moo takkal Uppim
soxna, takkal Suppim soxna. Amoon na
ab jigéen bu ñuy wax Maaka. Makir amaat
doom ju góor ju ñuy wax Celofat, waaye
Celofat amul lu moy doom yu jigéen.
16 Maaka, soxnas Makir amaat ak Makir
doom ju góor, tudde ko Peres, amati
jeneen doom ju góor, tudde ko Seres. Seres
mooy baayu Ulam ak Rekem.
17 Ulam mooy baayu Bedan. Ñooñooy
góor ñi soqikoo ci Galàdd, di doomu Makir
ak sëtu Manase.
18 Amoleket, jigéenub Galàdd, moo jur
Isod ak Abiyeser ak Maxla.
19 Doomi Semida yu góor ñoo doon
Axyan ak Sikem ak Liki ak Añam.

### *Lii mooy askanu Efrayim, doomu Yanqóoba*

20 Góor ñi askanoo ci Efrayim nii lañu
toppantee: Efrayim a jur Sutelax mi jur
Beredd mu jur Taxat mi jur Elada mu jur
Taxat.
21 Taxat moo jur Sabàdd mi jur Sutelax.
Eser ak Elat la waa Gaat ña fa juddoo rey,
ba ñu fa demee bëgga nangu seenug jur.
22 Seen baay Efrayim jooy na leen lu
yàgg, ay bokkam dikk, di ko dëfal.
23 Gannaaw gi, Efrayim ànd ak
soxnaam, am ak moom doom ju góor,
tudde ko Berya (muy firi Digg njàqare) ngir
njàqare la dal njaboot ga.
24 Efrayim am na doom ju jigéen ju ñuy
wax Seera. Moo tabax Bet Oron Suuf ak
Bet Oron Kaw ak Usen Seera.
25 Góor ñi askanoo ci Berya nii lañu
toppantee: Refa moo jur Resef mi jur Tela
mu jur Taxan.
26 Taxan moo jur Ladan mi jur Amiyudd
mi jur Elisama.
27 Elisama moo jur Nuun mi jur Yosuwe.

28 Suuf sa giirug Efrayim moomoon,
dëkke ko, Betel bokk na ci ak dëkk yu ndaw
ya ko wër, ak Naaran ca penku, ak Geser
ak dëkk yu ndaw ya ko wër, ca sowu, boole
ca diiwaan ba ca diggante Sikem ak Aya
ak dëkk yu ndaw yi ko wër.
29 Ñi askanoo ci Manase ñoo moomoon
dëkk yu ñuy wax Bet San ak Taanag ak
Megido ak Dor, dëkk bu ci nekk ak dëkk yu
ndaw ya ko wër. Ci dëkk yooyu la waa
askanu Yuusufa doomu Yanqóoba dëkke
woon.

### *Lii mooy askanu Aser, doomu Yanqóoba*

30 Doomi Aser yu góor ñoo di Imna ak
Yiswa ak Iswi ak Berya, seenub jigéen di
Sera.
31 Doomi Berya yu góor ñoo di Eber ak
Malkiyel. Malkiyel moo sanc Birsayit.
32 Eber mooy baayu Yaflet ak Somer ak
Otam ak seenub jigéen Suwa.
33 Doomi Yaflet yu góor ñoo di Pasag ak
Bimal ak Asewat.
34 Doomi Semer yu góor ñoo di Axi ak
Roga ak Uba ak Aram.
35 Góor ñi bokkam Elem di seen baay
ñoo di Cofax ak Imna ak Seles ak Amal.
36 Doomi Cofax yu góor ñoo di Suwa ak
Arnefer ak Suwal ak Beri ak Imra.
37 Beccer bokk na ci, ak Odd ak Sama ak
Silesa ak Yittran ak Beera.
38 Doomi Yeter yu góor ñoo di Yefune ak
Pispa ak Ara.
39 Doomi Ula yu góor ñoo di Ara ak
Aniyel ak Ricciya.
40 Ñooñu ñépp ñu ngi soqikoo ci Aser, di
kilifa yu tekki ca seeni kër baay, di ñeyi
xare te di njiit yu ñu ràññee. Góor ña ca
bindu ca limeef ya te tollu ci xare, ñaar
fukk ak juróom benn junni lañu (26 000).

## 8

### *Lii mooy askanu Sawul, mu giiru Beñamin*

1 Beñamin mooy baayu Bela miy taawam
bu góor. Ku góor ka ca topp di Asbel, Aara
di ñetteelu doomam ju góor.
2 Noxa di ñeenteelu doomam ju góor,
Rafa di juróomeelu doomam ju góor.
3 Doomi Bela yu góor ñoo di Adar ak
Gera ak Abiyudd.
4 Abiswa ca la ak Naaman ak Axowa.
5 Gera it ca la ak Sefufan ak Uram.
6-7 Doomi Exudd yu góor yooyu di
Naaman ak Axya ak Gera. Ñoo doon
kilifay làngu waa Geba ya ñu toxal
Manaxat, te Gera moo leen toxal. Mooy
baayu Usa ak Axixudd.
8 Saxarayim, gannaaw ba mu fasee
Usim ak Baara ñaari soxnaam ya, am na ay
doom yu góor ca réewam Mowab.
9 Moo jël Odes soxna, am ca Yobab ak
Cibya ak Mesa ak Malkam.
10 Am na ca it Yewucc ak Sakiya ak
Mirma. Doomam yu góor yooyu mujj jiite
seen kër baay.
11 Fekk na mu am ak Usim ñaari doom
yu góor, Abitub ak Elpaal.
12 Doomi Elpaal yu góor ñoo di Eber ak
Misam ak Semedd. Semedd moomu moo
tabax dëkk ya ñuy wax Ono ak Lodd ak
dëkk yu ndaw ya ko wër.
13 Berya ak Sema ay kilifay làngi waa
Ayalon lañu woon. Ñoo dàq waa Gaat.
14 Ñii di Axyo ak Sasag ak Yeremot
15 ak Sebaja ak Aràdd ak Eder
16 ak Mikayel ak Ispa ak Yoxa, ñooy góor
ñi Berya di seen baay.
17 Sebaja nag mook Mesulam ak Iski ak
Eber,
18 ak Ismeray ak Isliya ak Yobab ñooy
góor ñi Elpaal di seen baay.
19 Yakim ak Sikkri ak Sabdi
20 ak Eliyenay ak Ciletay ak Elyel
21 ak Adaya ak Beraya ak Simrat ñooy
góor yi Simey di seen baay.
22 Ispan nag mook Eber ak Elyel
23 ak Abdon ak Sikkri ak Xanan
24 ak Anaña ak Elam ak Anatoca
25 ak Ifdeya ak Penuwel, ñooy góor ñi
Sasag di seen baay.
26 Samseray ak Sexarya ak Atalyaa
27 ak Yaaresya ak Elya ak Sikkri, ñooy
góor ñi Yeroxam* di seen baay.
28 Ñooñoo jiite woon seeni waa këri
maam, ku nekk ak sag maas. Ña nga
dëkkoon Yerusalem.
29 Baayu Gabawon, Gabawon la
dëkkoon. Maaka la soxnaam tudd.

* **8.27** ***Yeroxam*** mooy Yeremot ba tey. Seetal ci aaya 14 (8.14).

30 Taawam bu góor moo doon Abdon,
góor ña ca topp di Cur ak Kis ak Baal ak
Ner ak Nadab,
31 ak Gedor ak Axyo ak Seker†
32 ak Miglot baayu Simeyam‡. Ñooñu
itam ña nga dëkkoon Yerusalem ñook seeni
bokk.
33 Ner mooy baayu Kis, Kis di baayu
Sawul, Sawul di baayu Yonatan ak
Malkisuwa ak Abinadab ak Esbaal§.
34 Doomu Yonatan ju góor moo di
Meribaal*; Meribaal di baayu Mise.
35 Doomi Mise yu góor ñoo di Piton ak
Meleg ak Tareya ak Axas.
36 Axas mooy baayu Yowada, Yowada di
baayu Alemet ak Asmawet ak Simri; Simri
di baayu Mocca.
37 Mocca mooy baayu Bineya. Bineya di
baayu Rafa, Rafa di baayu Elasa, Elasa di
baayu Accel.
38 Accel amoon na juróom benni doom
yu góor, ñuy Asrikam ak Bokkru ak
Ismayel ak Seyarya ak Abdiyas ak Xanan.
Ñooñu ñépp Accel moo leen jur.
39 Eseg la Accel bokkal. Góor ñi Eseg di
seen baay ñoo di Ulam, taawam, Yewus
topp ca, Elifelet toppaat ca.
40 Doomi Ulam yu góor nag ay ñeyi xare
lañu woon, diy fittkat. Amoon nañu ay
doom yu góor ak sët yu góor yu takku,
ñoom ñépp di téeméer ak juróom fukk (150).
Ñooñu ñépp ci Beñamin lañu soqikoo.

# 9

### *Askanu Israayil wi ci Yerusalem, gannaaw seen ngàlloo ngi nii*

1 Noonu lañu binde woon Israayil gépp
ci seen limeefi maam. Ci téereb buuri
Israayil lañu ko tënk.

### *Waa Yerusalem ñibbisi nañu*

Waa Yuda ñoom dees leena gàddaayloo
Babilon ndax li ñu fecci seen kóllëre ak
Yàlla.
2 Ña njëkka ñibbi seen dëkk, ba jotaat seen
alal moo di niti bànni Israayil yi sasoowul
diine, ak sarxalkat ya ak Leween ña, ak ñu
féetewoo liggéey yu sew ya ca kër Yàlla ga.

3 Amoon na góori Yuda ak Beñamin ak
Efrayim ak Manase ñu dëkksi Yerusalem.

4 Ña bàyyikoo ca giiru Yuda: Utay,
doomu Amiyudd, doomu Omri, doomu
Imri, doomu Bani mi askanoo ci Peres
doomu Yuda.
5 Ña bàyyikoo ca Sela doomu Yuda nag:
Asaya, di taawub waa këram ak ay
doomam yu góor.
6 Ña bàyyikoo ca làngu Sera doomu Yuda
nag: Yewel. Waa Yuda juróom benni
téeméer ak juróom ñeent fukk (690) lañu
woon.
7 Ña bàyyikoo ci giirug Beñamin: Salu,
doomu Mesulam, doomu Odawya, doomu
Asenuwa;
8 Ibneya, doomu Yeroxam; Ela, doomu
Usi, doomu Mikkri; Mesulam doomu
Sefatiya, doomu Rewel, doomu Ibniya.

9 Ñooñu ñépp ay kilifa lañu woon ca
seeni bokk, ku nekk ca waa këram. Waa
giirug Beñamin ya dëkkoon Yerusalem
juróom ñeenti téeméer ak juróom fukk ak
juróom benn (956) lañu woon.

10 Ña bàyyikoo ca sarxalkat ya ñii la:
Yedaya ak Yoyarib ak Yakin;
11 Asaryaa it ca la. Asaryaa, Ilkiya mooy
baayam; Ilkiya, Mesulam ay baayam;
Mesulam, Cadog ay baayam; Cadog,
Merayot ay baayam; Merayot, Axitub ma
yoroon kër Yàlla ga mooy baayam.
12 Adaya it ca la. Adaya, Yeroxam ay
baayam; Yeroxam, Pasur ay baayam;
Pasur, Malkiya mooy baayam; Malkiya,
Masay mooy baayam; Masay, Adiyel ay
baayam; Adiyel, Yaxsera mooy baayam;
Yaxsera, Mesulam ay baayam; Mesulam,
Mesilemit ay baayam; Mesilemit, Imer
mooy baayam.
13 Ñook seeni bokk nag ay kilifa lañu
woon ca seen kër baay, tollu ci junni ak
juróom ñaari téeméer ak juróom benn fukk
(1 760), di góor ñu jàmbaare, féetewoo
liggéeyu kër Yàlla gi.

14 Ña bàyyikoo ci Leween ñi, ñii la:
Semaya, Asub ay baayam; Asub, Asrikam

† **8.31** ***Seker*** ak Sàkkaryaa, kenn ki la. Seetal ci *1.Jaar-jaar ya* 9.37. ‡ **8.32** ***Simeyam*** mooy Simeya ba tey. Seetal ci 9.38. § **8.33** ***Esbaal*** mooy Isboset ba tey. Seetal ci *2.Samiyel* 2.8. * **8.34** ***Meribaal*** mooy Mefiboset ba tey. Seetal ci *2.Samiyel 4.4*; *1.Jaar-jaar ya* 9.40.

ay baayam; Asrikam, Asabya mi askanoo
ci Merari mooy baayam;
15 ak itam Bagbakar ak Eres ak Galal ak
Matañа; Matañа, Mise mooy baayam;
Mise, Sikkri mooy baayam; Sikkri, Asaf
mooy baayam;
16 ak Abdiyas, Semaya di baayam;
Semaya, Galal mooy baayam; Galal,
Yedutun ay baayam. Ak itam Berekya;
Berekya, Asa mooy baayam; Asa, Elkana
mooy baayam. Berekya moo dëkkoon ca
dëkki waa Netofa.
17 Ci wàllu wattukati bunt ya, Salum
bokkoon na ca, mooki bokkam di Akub ak
Talmon ak Aximan. Salum a doon seen
njiit.
18 Ba tey jii mooy taxaw ca buntu Buur,
ba féete penku. Ñoom ñooy wattukati bunt
yi ci dali Leween ñi.
19 Salum, Kore mooy baayam; Kore,
Abyasaf mooy baayam; Abyasaf, Kore
mooy baayam. Salum moomu mook
bokkam yi soqikoo ci waa kër Kore, ñoo
doon wattukati buntu xaymab ndaje ma,
topp ca seen tànki maam ya daan wattu
dalub Aji Sax ji.
20 Fineyas ma Elasar di baayam masoon
naa nekk seen njiit, ndax ku Aji Sax ji
àndoon ak moom la.
21 Ku ñuy wax Sàkkaryaa doomu
Meselemya bokkoon na ci wattukati
buntu xaymab ndaje ma.
22 Mboolem ñi ñu tànnoon ñu diy
wattukati bunt, ñaari téeméer lañu ak fukk
ak ñaar (212), ñu bind leen ca seeni dëkk.
Daawuda ak Samiyel boroom gis, ñoo leen
dénkoon loolu ndax kóolute.
23 Ñoom ak seeni askan lañu tegoon ca
kër Aji Sax ji, ñuy wattu ca këru xayma ba.
24 Ñeenti wet yépp amoon na ay
wattukat; penku ak sowu, bëj-gànnaar ak
bëj-saalum.
25 Yeneen wattukati bunt nag wara jóge
seeni dëkk léeg-léeg, dikk, ngir jàppale leen
ci wattu bi, diirub ayu bés.
26 Ñeenti kilifay wattukati bunt yooyu
diy Leween, dañu daan dëkke wattu te ñoo
daan sàmm néegi kër Yàlla ga aki dencam.
27 Ña nga daan fanaan fa, wër kër Yàlla
ga, ndax ñoo ko daan sàmm, di ubbi bunt
ya suba su nekk.
28 Amoon na ñenn ci ñoom ñu yoroon
ndabi jumtukaayi kër Yàlla ga; di ko waññ,
bu ñu koy dugal ak bu ñu koy génne.
29 Mu am ñeneen ba tey ñu sasoo ndab yi,
muy ndabi jaamookaay bi yépp, boole ci
sunguf su mucc ayib si ak biiñ bi ak diw gi
ak cuuraay li ak ndàbb ya.
30 Am na ñenn ci sarxalkat yi ñu daan
njafaan ndàbb yu xeeñ yi.
31 Ab Leween bu ñuy wax Matica, ku
góor kay taawub Salum mi bokk ci làngu
Kore, moom lañu dénkoon ñuy lakk
mburum sarax sa.
32 Mu am nag yeneen Leween yu bokk ci
làngu Keyat yu warloo woona waajal
mburu yu sell yu ñuy sarxalal Yàlla bésub
Noflaay bu nekk.
33 Woykati Leween ñi jiite seeni waa kër
nag, dañoo amoon seen néegi bopp te
amuloon beneen sas bu leen waroon ndax
dañu daan liggéey guddeek bëccëg.
34 Ñooñu ñoo doon kilifay làngi Leween
ñi, ni ñu tënke seen cosaan ci limeef yi. Ña
nga dëkkoon Yerusalem.

### *Limeefu bokki Sawul a ngii*

35 Yewel baayu Gabawon, Gabawon la
dëkkoon. Maaka la soxnaam tudd.
36 Taawam bu góor moo doon Abdon,
góor ña ca topp di Cur ak Kis ak Baal ak
Ner ak Nadab
37 ak Gedor ak Axyo ak Sàkkaryaa ak
Miglot.
38 Miglot moomu mooy baayu Simeyam.
Ñooñu itam ña nga dëkkoon Yerusalem
ñook seeni bokk.
39 Ner mooy baayu Kis, Kis di baayu
Sawul, Sawul di baayu Yonatan ak
Malkisuwa ak Abinadab ak Esbaal.
40 Doomu Yonatan ju góor moo di
Meribaal, Meribaal di baayu Mise.
41 Doomi Mise yu góor ñoo di Piton ak
Meleg ak Tareya.
42 Axas mooy baayu Yara, Yara di baayu
Alemet ak Asmawet ak Simri, Simri di
baayu Mocca.
43 Mocca mooy baayu Bineya, Bineya di
baayu Refaya, Refaya di baayu Elasa,
Elasa di baayu Accel.
44 Accel amoon na juróom benni doom
yu góor, ñuy Asrikam ak Bokkru ak

Ismayel ak Seyarya ak Abdiyas ak Xanan. Ñooñu Accel moo leen jur.

## Lu jëm ci Daawuda, buuru Israayil

# 10

*(Saar 10–29)*

### *Lu jëm ci deewug Sawul*

1 Am na bés waa Filisti song bànni
Israayil. Bànni Israayil won waa Filisti
gannaaw, daw, ñu bare daanu dee ca
tundu Gilbowa.
2 Ci biir loolu waa Filisti ne dann Sawul
aki doomam yu góor, rey ca Yonatan ak
Abinadab ak Malkisuwa, doomam yu góor
yooyu.
3 Xare ba nag gëna mettee fa Sawul féete,
fittkat ya jekku ko, mu tiit lool.
4 Ci kaw loolu Sawul ne gàddukatu
gànnaayam: «Boccil sa saamar, jam ma ba
mu fëll; lu ko moy paaxe yii dikk, toroxalsi
ma.» Waaye gàddukatu gànnaayam
nanguwul ndax tiitaange ju réy. Sawul jël
saamaru boppam, daldi daaneel boppam
ca kaw ñawka ga.
5 Gàddukatu gànnaay ba gis ne Sawul dee
na, moom it mu daaneel boppam ca kaw
saamaram, daldi dee.
6 Noonu la Sawul deewee. Mook ñetti
doomam yu góor ak waa këram yépp ñoo
bokk dee.
7 Mboolem bànni Israayil ga ca xur wa
nag gis ne mbooloo ma dawe, Sawul aki
doomam yu góor dee, ñu génn gental seeni
dëkk daw, waa Filisti dikk wuutu leen ca.
8 Ca ëllëg sa, ba waa Filisti dikkee di
futtisi néew ya, ca kaw tundu Gilbowa lañu
fekk Sawul aki doomam yu góor, ñu tëdd.
9 Ba loolu amee ñu futti Sawul, ba noppi
dog boppam booleeki gànnaayam, daldi
yeble ca réewum Filisti ba mu daj, ngir
yégle seen ndam la ca seeni tuur ak ca
askan wa.
10 Gannaaw gi, ñu denc gànnaayi Sawul
ca seen genn kër tuur, boppu Sawul ñu
wékk ko ca seen kër tuur mu ñuy wax
Dagon.
11 Ba waa Yabes Galàdd gépp déggee
mboolem la waa Filisti def Sawul,
12 jàmbaar ñépp a dem jël néewub Sawul
ak néewi doomam yu góor, indi Yabes. Ñu
suul leen ca ron garab gu mag ga ca Yabes,
ba noppi ñu woor juróom ñaari fan.
13 Sawul nag deewam ga, la mu fecci Aji
Sax ji worma, te sàmmul kàddug Aji Sax ji,
moo ko waral. Seetlu na sax ci kuy
gisaane rawaani ñu dee,
14 baña laajsi Aji Sax ji. Moo tax mu rey
ko, tas nguuram, teg ko ci loxol Daawuda
doomu Yese.

# 11

### *Fal nañu Daawuda buur*

1 Ba loolu wéyee Israayil gépp daje
Ebron ca Daawuda ne ko: «Noo ngii di say
bokk lenqe.
2 Te it démb ak bërki-démb, ba Sawul dee
buur sax, yaa doon jiite Israayil ci xare, sa
Yàlla Aji Sax ji ne la: “Yaay sàmm Israayil
sama ñoñ te yaa leen di yilif.”»
3 Noonu la magi Israayil ñépp dikke ca
Buur Daawuda ca Ebron, mu fasook ñoom
kóllëre foofa ca Ebron, fa kanam Aji Sax ji.
Ba mu ko defee ñu sotti Daawuda diwu pal
ga, muy buurub Israayil, muy la Aji Sax ji
waxoon, Samiyel jottali ko.

### *Daawuda nangu na Yerusalem*

4 Ci biir loolu Daawuda ànd ak Israayil
gépp songi Yerusalem ga ñu doon woowe
Yebus itam ndax la fa Yebuseeni diiwaan
ba dëkke woon.
5 Yebuseen ña ne Daawuda: «Doo fi dugg
de!» Terewul Daawuda nangu tatab Siyoŋ
ga ñu mujj woowe Kër Daawuda.
6 Ci biir loolu Daawuda waxoon na ne:
«Ku ci njëkka rey ab Yebuseen dinaa ko fal
mu jiitu ci kilifa yi.» Yowab ma yaayam
tuddoon Ceruya nag njëkka song, ba tax
mu doon kilifag gàngooru xare ga.
7 Gannaaw loolu Daawuda dëkk ca biir
tata ja; loolu waral ñu di ko woowe Kër
Daawuda.
8 Ci kaw loolu Daawuda tabax ay kër yu
bees fa ko wër fépp, dale ko ca sëkkub
Milo*, Yowab moom defaraat la des ca
dëkk ba.

* **11.8** ***Milo,*** xur la wu doxoon diggante kër Yàlla ga ak gox ba ñu naan Kër Daawuda. Suleymaan sëkklu ko.

9 Daawuda nag di gëna am doole, te Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi ànd ak moom.

### *Jàmbaari xarey Daawudaa ngi*

10 Ñii ñooy kilifay xare yu Daawuda yi àndoon ak Israayil gépp, ngir jàppale ko bu baax ci nguuram, fal Daawuda buur, muy li Aji Sax ji santaane woon ci ñoñam.
11 Limeefu jàmbaari xare yu Daawudaa ngii:

Isbaal†, dib Agmoneen, moo jiite mbëri xare ya. Moo xàcc xeejam, songandoo ñetti téeméeri (300) góor, rey leen.

12 Ka ca topp di Elasar doomu Dodo mu Axowa ma bokkoon ca ñetti jàmbaari xare ya.
13 Moom moo àndoon ak Daawuda ca Pas Damim ba fa Filisteen ña dajee nara xare. Amoon na fa toolub lors bu meññ, ba fees dell. Bànni Israayil danoo njëkkoona dawe Filisteen ñi gannaaw.
14 Waaye Elasar aki nitam taxaw ca digg tool ba, aar tool ba, duma Filisteen ña. Noonu la ci Aji Sax ji maye Israayil ndam lu réy.
15 Mu am bés ñett ña bokk ca mbëri xare ya fekki Daawuda ca doj wa feggook xunt ma ca Adulam. Mbooloom Filisteen ñaa nga dal ca xuru Refayeen ña.
16 Daawudaa nga ca biir rawtoom. Mu am kuréelu xareb Filisteen gu tollu Betleyem.
17 Ci biir loolu Daawuda dem ba manatula muñ, mu ne: «Éy waay ku ma wutali woon ndox mu ma naan ca mbalkam Betleyem ma ca buntu dëkk ba!»
18 Noonu ñett ña bëtt dalub Filisteen ña, duyi ndox ca teenu Betleyem ba ca wetu buntu dëkk ba, dikk yót Daawuda. Daawuda nag néegu koo naan; da koo tuur, te Aji Sax ji tax.
19 Mu ne: «Mukk Yàlla tere may naan miim ndox. Xanaa duma naan deretu nit ñii moos ndax seen bakkan xajoon na ci, seen bakkan lañu jaay ba indil ma ndox mi.» Daawuda naanul ndox ma. Jooju jëf la ñetti jàmbaari xare ya def.
20 Abisay mbokkum Yowab bokkoon na ca mbëri xare ya. Moom moo yékkati xeejam, song ñetti téeméeri góor, rey leen. Mu doxe fa siiw ci ñetti mbëri xare ñooña.
21 Abisay bokk na ca ña gënoona siiw ca kuréel gu tudd Ñett ña; mujj na sax di seen njiit, waaye raw na ba bokkuloon ca Ñett ña.
22 Benaya nag, Yoyadaay baayam, xarekat bu mag la woon, dëkkoon Kabcel. Def na jaloore yu réy! Moo rey ñaari doomi Aryel, Mowabeen ba. Moo wàccoon ci kàmb, bésu tawu yuur, rey fa gaynde.
23 Moom it moo rey waa Misra ba amoon taxawaayu ñaari meetar ak genn-wàll. Xeej ba ca loxol waa Misra baa nga tollu ni këccub ràbb. Moom mu songe ko aw yet, daldi bif xeeju waa Misra ba, nangoo ko cay loxoom, reye ko ko.
24 Jooju jëf la Benaya doomu Yoyada def. Moom it siiwoon na na ci ñetti mbëri xare ya.
25 Ñu gënoon koo naw ca kuréel gu tudd Fanweeri jàmbaar ya, waaye raw na ba bokkuloon ca Ñett ña. Daawuda nag def ko njiitu dag ya ko dar.
26 Yeneen ñeyi xare yi: Asayel ca la, mbokkum Yowab, ak Elxanan doomu Dodo ma dëkk Betleyem,
27 ak Samot ma dëkk Aror, ak Elecc mu Palon,
28 ak Ira, Ikes di baayam, dëkk Tekowa, ak Abiyeser ma dëkk Anatot,
29 ak Sibekay ma dëkk Usa, ak Ilay ma dëkk Axowa,
30 ak Maaray ma dëkk Netofa, ak Eledd ma Baana di baayam, dëkk Netofa,
31 ak Itay ma Ribayi di baayam, dëkk Gibeya gu Beñamineen ñi, ak Benaya mu Piraton.
32 Uray ma ca walum Gaas ca la, ak Abyel ma dëkk Araba,
33 ak Asmawet ma dëkk Baxurim, ak Elyaba mu Saalbon,
34 ak doomi Asem ma dëkk Gison, ak Yonatan doomu Sage mu Arar,
35 ak Axiyam doomu Sakar, mu Arar, ak Elifal doomu Ur,
36 ak Efer ma dëkk Mekera ak Axya mu Palon,
37 ak Esro ma dëkk Karmel, ak Naaray doomu Esbay,

† **11.11 *Isbaal*** ak Yosebasebet ak Yasobam, kenn ki la.

38 ak Yowel mbokkum Natan, ak Mibar
doomu Agari.
39 Celeg Amoneen ba bokk na ca, ak
Naxaray ma dëkk Beerot te daan gàddu
gànnaayi Yowab ma Ceruya di yaayam,
40 ak Ira ma dëkk Kër Yeter ak Gareb ma
dëkk Kër Yeter itam.
41 Uri Etteen ba ca la, ak Sabàdd doomu
Axlay,
42 ak Adina doomu Sisa, di kilifa ca
giirug Ruben, ànd ak fanweeri dag,
43 ak Xanan doomu Maaka ak Yosafat
mu waa Mitin.
44 Usya it ca la, di waa Astarot, ak Sama
ak Yewel doomu Otam, mu Arower,
45 ak Yediyel doomu Simri, ak Yoxa,
mbokkam ma dëkk Ticc,
46 ak Elyel ma dëkk Maxawa, ak Yeribay
ak Yosawya doomu Elnaam, ak Itma ma
dëkk réewum Mowab,
47 ak Elyel ak Obedd ak Yaasyel ma dëkk
Coba.

# 12

## *Xarekat ya jàppalesi nañu Daawuda*

1 Gannaaw loolu ña fekki woon
Daawuda ca Ciglaag, ba muy daw Sawul
doomu Kis, bokkoon nañu ci jàmbaar ñi ko
daan jàppale ci xare.
2 Dañu daan gànnaayoo ay fitt, mane
ndijoor ak càmmoñ ci sànni xeer ak fitt. Ña
ca bokkoon ca giirug Beñamin, di giirug
Sawul ñii la woon:
3 Axyeser moo doon seen njiit,
mbokkam Yowas doomu Semaa, ma dëkk
Gibeya ca la, ak Yesiyel ak Pelet doomu
Asmawet ak Beraka ak Yewu ma dëkk
Anatot,
4 ak Ismaya ma dëkk Gabawon di
jàmbaar ju bokk ca Fanweer ña,
5 ak Yeremi ak Yaxasyel ak Yoxanan ak
Yosabàdd ma dëkk Gedera,
6 ak Elusay ak Yerimot ak Beyalya ak
Semerya ak Sefatiya mu Aruf.
7 Elkana it ca la ak Isiya ak Asareel ak
Yoweser ak Yasobam, ñooñu askanoo ci
Kore,
8 ak itam Yowela ak Sebaja doomu
Yeroxam, ma dëkk Gedor.
9 Mu am nag ñu bokk ca giiru Gàdd
dëddu Sawul fekki Daawuda ca rawtoom
ba ca màndiŋ ma. Ay ñeyi xare lañu woon
ñu mana xeex, mane pakk ak xeej, diy
gaynde te gaaw ba mel niy kéwél ca tund
ya.
10 Eser moo doon seen njiit, Abdiyas*
topp ca di ñaareel, Elyab di ñetteel,
11 Misamana di ñeenteel; Yeremi† di
juróomeel,
12 Atay di juróom benneel, Elyel di
juróom ñaareel;
13 Yoxanan di juróom ñetteel, Elsabat di
juróom ñeenteel,
14 Yeremi di fukkeel, Magbanay di
fukkeel ak benn.
15 Ñooñu bokk ci giiru Gàdd ay njiiti xare
lañu woon ñoom ñépp. Ki gënoona tuut ci
ñoom manoon naa xeex ak téeméeri góor;
ki gëna mag xeex ak junniy góor.

16 Ñooñu ñooy ña jàlloon dexu Yurdan ca
weer wa njëkk ca at ma, fekk mu fees ba ca
tàkk ga, daldi dàq mboolem waa xur ya,
penkook sowu.

17 Ci kaw loolu ñu bokk ci giirug
Beñamin‡ ak Yuda ànd fekki Daawuda ca
rawtoom.
18 Daawuda génn gatandu leen, ne leen:
«Su fekkee ne jàmm ak dimbali ma moo
leen indi fi man, dalal naa leen ci xol bu
sedd. Waaye su ngeen ma naree lor, jébbal
ma samay noon te defuma dara de, Yàlla
na ko sunuy Yàllay maam seede te àtte.»

19 Ba loolu amee leerug Yàlla dikkal
Amasay ka jiite Fanweeri jàmbaar ya. Mu
ne: «Yaa nu moom, yaw Daawuda, nu far
ak yaw, doomu Yese. Jàmm, jàmm rekk a la
ñeel, te jàmm ay ñeel ñi lay wallu, ndax sa
Yàlla moo lay wallu.» Daawuda nag dalal
leen, def leen ay njiit ci gàngooram.

20 Ci kaw loolu ñu bokk ci giirug Manase
fàq, far ak Daawuda ca xare ba mu àndeek
waa Filisti, ñu dali ci kaw Sawul.
Daawudaaki nitam sax mujjuñoo sotle
waa Filisti ndax njiiti waa Filisti dañoo
diisoo, ba noppi daldi dàq Daawuda.
Booba dañu ne: «Bu Daawuda fàqee

* **12.10** ***Abdiyas*** mii bokkul ak Yonent Yàlla Abdiyas. † **12.11** ***Yeremi*** mii bokkul ak Yonent Yàlla Yeremi. ‡ **12.17** ***Beñamin:*** Sawul mi doon wuta bóom Daawuda, ci giirug Beñamin la bokkoon.

farijeek sangam Sawul, sunu bakkan lañu
koy feye.»
21 Ba Daawuda di dellu Ciglaag nag la ko
waa giirug Manase fekksi. Muy Atnax ak
Yosabàdd ak Yediyel ak Mikayel ak
Yosabàdd ak Eliyu ak Ciletay, ñépp di njiiti
kuréeli junni ci giirug Manase.
22 Ñooñu ndimbal lañu woon ci
Daawudaak gàngooram ndax ñeyi xare
lañu woon ñoom ñépp te ay njiit lañu woon
ca gàngooru xare ga.
23 Ci biir loolu bés bu Yàlla sàkk, ay nit di
fekksi Daawuda ngir jàppale ko, ba mu am
mbooloo mu réy te am doole.
24 Limu nit ñi tollu ci xaree ngii, di ña
fekki woon Daawuda ca Ebron ngir jële
nguur ga ca Sawul, jox ko ko, muy la Aji
Sax ji waxoon.
25 Waa Yuda juróom benni junneek
juróom ñetti téeméer (6 800) lañu, gànnaayoo
ay xeej aki pakk.
26 Waa giirug Simeyon juróom ñaari
junneek téeméeri (7 100) ñeyi xare lañu,
tollu ci xare.
27 Leween ña ñeenti junneek juróom
benni téeméer (4 600) lañu.
28 Ñu ànd ak Yoyada may kilifa ci askanu
Aaróona te jiite ñetti junniy nit ak juróom
ñaari téeméer (3 700).
29 Cadog bokkoon na ca, xale bu góor la
woon, di ñeyi xare, ànd ak ñaar fukki
kilifaak ñaar ca waa kër maamam.
30 Waa giirug Beñamin di giirug Sawul ci
boppam, ñetti junni (3 000) lañu, ña ca ëpp
séddoo kër Sawul ba jant yooyu.
31 Waa giirug Efrayim ñaar fukki
junneek juróom ñetti téeméer (20 800) lañu
woon, di ñeyi xare te diy boroomi tur ca
seen waa kër maam.
32 Waa genn-wàllu giirug Manase ga ca
sowu fukki junneek juróom ñett (18 000)
lañu woon, di ñu ñu tudd seen tur ñu wara
fali Daawuda buur.
33 Waa giirug Isaakar ñaari téeméeri
kilifa lañu woon ñu ànd ak mboolem seen
bokk yi ñu jiite. Ay nit lañu woon ñu mana
ràññee diggante ba Israayil mana tollu ak
na ñu ca wara jëfe.
34 Waa giirug Sabulon juróom fukki
junni lañu (50 000), tàggatu ngir xare,
gànnaayu ba jekk ci xare, ànd ceek pastéefu
xol bu mat sëkk.
35 Waa giirug Neftali junniy (1 000) njiiti
xare lañu ak fanweeri junniy xarekat ak
juróom ñaar (37 000) yu gànnaayoo ay xeej
aki pakk.
36 Waa giirug Dan ñaar fukki junneek
juróom ñett ak juróom benni téeméer
(28 600) lañu, di ñu jekk ci xare.
37 Waa giirug Aser ñeent fukki junniy
(40 000) nit lañu ñu tàggatu ngir xare.
38 Ña bàyyikoo ca waa giir ya dëkke ca
penkub dexu Yurdan, di yoy Ruben ak
Gàdd ak geneen wàllu giirug Manase ga
téeméeri junneek ñaar fukk (120 000) lañu,
yore lépp luy gànnaay.
39 Xarekat yooyu yépp a jekk ci xare, ànd
ak pastéef gu mat sëkk ba Ebron, ngir fal
Daawuda buur, mu jiite Israayil gépp.
Bànni Israayil ga ca des gépp mànkoo di
benn, topp ñoom it, ngir fal Daawuda
buur.
40 Ñu bokk fa toog ak Daawuda ñetti fan,
di lekk aka naan ca la leen seeni bokk
waajalaloon.
41 Seen dëkkandooy gox yooyu def ca
seen loxo, ba ca diiwaanu Isaakar ak
Sabulon ak Neftali, daldi sëf ay mbaam
aki giléem aki berkelle aki nag, indil leen
lu ne gàññ: sunguf ak mburu yu ndaw ak
figg ak reseñ ju wow ak biiñ akug diw ba
ciy nag aki gàtt, ndaxte xewu mbégte la
woon ca Israayil.

# 13

*Daawuda dogu naa yóbbu gaalu Yàlla ga Yerusalem*

1 Ci kaw loolu Daawuda diisook njiiti
kuréeli junniy xarekat ya ak njiiti kuréelu
téeméer ya ak kilifa yépp.
2 Mbooloom Israayil mépp la wax, ne
leen: «Pexe mii ndegam rafetlu ngeen ko te
sunu Yàlla Aji Sax ji ànd na ci, nanu yónnee
fu nekk ay ndaw yu dem ba ca sunu bokk
ya des ci mboolem diiwaani Israayil ak ca
sarxalkat yaak Leween ña ca seeni dëkk ak
seeni gox. Su ko defee ñu fekksi nu fii.
3 Bu loolu wéyee nu delloosi sunu gaalu
Yàlla ga fii ci nun, ndax toppatoowuñu ko
woon ca jamonoy Sawul.»

4 Mbooloo ma mépp ànd ca, ndax mébét
mu ñu rafetlu la woon, ñoom ñépp.
5 Ba mu ko defee Daawuda woolu
Israayil gépp, la ko dale ca dexu Sixor ci
Misra ca bëj-saalum, ba Buntu Amat ca
bëj-gànnaar, ngir ñu daje, ba jëleji gaalu
Yàlla ga Kiryaat Yarim.
6 Ba loolu amee Daawuda ànd ak
Israayil gépp dem Baala, ñu di ko wax
Kiryaat Yarim itam, ca diiwaanu Yuda,
ngir jëleji fa gaalu Yàlla ga ñuy woowe itam
gaalu Aji Sax ji Yàlla, kiy toog ci jal bi,
diggante malaakay serub ya.
7 Ñu yeb nag gaalu Yàlla ga ci watiir wu
bees, jële ko kër Abinadab; Usa ak Axyo
jiite watiir wa.
8 Daawudaak waa Israayil gépp a ngay
bànneexook doole fa kanam Aji Sax ji; woy
ya jib ànd ak xeeti xalam yaak tabala yaak
keseŋ-keseŋ yaak liit ya.
9 Naka lañu dem ba tollu ca dàggay
Kidon, nag ya tërëf, Usa tàllal loxoom, jàpp
ca gaalu Yàlla ga.
10 Sànjum Aji Sax ji nag tàkk ci kaw Usa,
faat ko ndax la mu teg loxoom ca gaal ga.
Foofa la dee, fa kanam Yàlla.
11 Ba loolu amee Daawuda mer ca
mbugal mu metti ma Aji Sax ji fàdde Usa.
Moo tax mu tudde béreb booba Peres Usa
(muy firi Pàddum Usa), tur wa sax ba tey jii.
12 Daawuda nag am tiitaange lool bésub
keroog ca Yàlla. Ma nga naan ca xelam:
«Ndax man naa yóbbu gaalu Yàlla gi sama
kër yee?»
13 Loolu nag tax Daawuda yóbbuwul gaal
ga fa moom ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda. Dafa waññi gaal gi, yóbbu ko
kër Obedd Edom ma cosaanoo Gaat.
14 Gaalu Yàlla ga nekk na kër Obedd
Edom, toog ca biir këram diiru ñetti weer.
Aji Sax ji barkeel kër Obedd Edom ak
mboolem lu mu moom.

# 14

## *Daawuda gën naa siiw*

1 Ci biir loolu Iram buurub Tir yebal ay
ndaw ca Daawuda, ñu yóbbul ko ay banti
seedar, ak tabaxkati miir ak liggéeykati
bant, ngir ñu tabaxal Daawuda kër.
2 Daawuda nag xam ne Aji Sax jee ko fal
buurub Israayil te moo kaweel nguuram
lool ngir Israayil ñoñam.
3 Gannaaw gi, Daawuda denc na
yeneeni soxna ca Yerusalem. Mu am ca
yeneen doom yu góor ak yu jigéen.
4 Doom yu góor yi juddoo Yerusalem ñoo
di Samwa ak Sobab ak Natan ak
Suleymaan,
5 ak Ibaar ak Elisuwa ak Elpelet,
6 ak Noga ak Nefeg ak Yafya,
7 ak Elisama ak Beelyada ak Elifelet.
8 Ba waa Filisti déggee ne fal nañu
Daawuda buurub Israayil, ñoom ñépp a
jóg, di ko wër. Daawuda nag dégg ko daldi
leen dogaleji.
9 Waa Filisti dikk, songandoo xuru
Refayeen ña.
10 Daawuda laaj Yàlla ne ko: «Ndax ma
songi waa Filisti? Dinga leen teg ci sama
loxo?» Aji Sax ji ne ko: «Demal, ma teg leen
ci sa loxo.»
11 Ba mu ko defee Daawuda ak
gàngooram dem ba Baal Peracim,
Daawuda duma leen foofa. Daawuda nag
ne: «Aji Sax jee jaare ci man, Buur, xàll aw
yoon, ne jàyy ni walum ndox ca kaw noon
ya.» Moo tax ñu woowe béreb boobu Baal
Peracim (muy firi Boroom bi xàll naw
yoon).
12 Filisteen ña nag waccoon fa seeni
tuur, Daawuda santaane ñu boole ko lakk.
13 Ba loolu wéyee Filisteen ña dikk
songaat xur wa.
14 Daawuda dellu laaj Yàlla. Mu ne ko:
«Bul topp seen gannaaw, wër leen
ndombo, dal ca seen kaw fa janook garab
ya.
15 Booy dégg tànk yuy jaab ca kaw
njobbaxtali sànd ya rekk, songal ndax
booba Yàllaa la jiitu, di dumaji waa dalub
Filisti.»
16 Daawuda nag def la ko Yàlla sant, ba
ñu duma gàngooru Filisteen ña, la ko dale
Gabawon ba Geser.
17 Ba loolu amee turu Daawuda siiw lool
ca réewoo réew, Aji Sax ji def xeetoo xeet
ragal ko.

# 15

## *Daawuda jëli na gaalu Aji Sax ji*

1 Daawuda tabaxlu na ay kër ci biir gox
ba ñu naan Kër Daawuda. Gannaaw loolu
sàkkal na gaalu Yàlla ga béreb, sampal ko
ab xayma.
2 Ba loolu amee Daawuda ne: «Bu kenn
gàddu gaalu Yàlla gi te bokkul ci Leween ñi,
ngir ñoom la Aji Sax ji tànn ñuy gàddu
gaalam ak di liggéeyal Aji Sax ji ba fàww.»
3 Ci kaw loolu Daawuda woolu Israayil
gépp, ñu daje ca Yerusalem ngir yóbbu
gaalu Aji Sax ji ca bérebam ba mu ko sàkkal.
4 Daawuda woo itam askanu Aaróona ak
Leween ñi.
5 Ñi jóge ci askanu Keyat: Uryel la, di
kilifa, ànd ak téeméeri bokkam ak ñaar
fukk.
6 Ñi jóge ci askanu Merari: Asaya la, di
kilifa, ànd ak ñaari téeméeri bokkam ak
ñaar fukk.
7 Ñi jóge ci askanu Gersom: Yowel la di
kilifa, ànd ak téeméeri bokkam ak fanweer.
8 Ñi jóge ci askanu Elicafan: Semaya la,
di kilifa, ànd ak ñaari téeméeri bokkam.
9 Ñi jóge ci askanu Ebron: Elyel la, di
kilifa, ànd ak juróom ñett fukki bokkam.
10 Ñi jóge ci askanu Usyel: Aminadab la,
di kilifa, ànd ak téeméeri bokkam ak fukk
ak ñaar.
11 Ba loolu amee Daawuda woolu Cadog
ak Abyatar, sarxalkat ya ak Leween ña, di
Uryel ak Asaya ak Yowel ak Semaya ak
Elyel ak Aminadab.
12 Mu ne leen: «Yeen ñiy kilifay kër
Leween ñi, sanguleen-set yeen ak seen
bokki Leween yi, ba noppi ngeen jëli gaalu
Aji Sax jiy Yàllay Israayil, yóbbu ko fa ma
ko waajalal,
13 ndax li ngeen teewuloon bu njëkk ba
moo tax sunu Yàlla Aji Sax ji dal ci sunu
kaw ngir wormaalunu ko ni ko yoon wi
laaje.»
14 Ba mu ko defee sarxalkat yaak
Leween ña sangu-set ngir yóbbu gaalu Aji
Sax jiy Yàllay Israayil.
15 Leween ña daldi gàddoo gaalu Yàlla ga
njàppu ya, teg ko ca seeni mbagg, na ko
Musaa santaane woon te mu dëppook
kàddug Aji Sax ji.
16 Daawuda daldi wax kilifay Leween ña
ñu taxawal seen bokki woykat, boole kook
jumtukaayi xumbéen ya, diy toxorooki
xalam aki keseŋ-keseŋ, ñu jibal lépp ba mu
xumb lool ci mbégte.
17 Ci biir loolu Leween ña taxawal
Eman, ku góor kay doomu Yowel, mu ànd
ak ku góor ciy bokkam, di Asaf doomu
Berekya, ak seen mbokk mu góor mu ñuy
wax Etan doomu Kusaya, bokk ci làngu
Merari.
18 Ña nga feggook seen bokki Leween di
ay wattukati bunt yu nekk ci seen kilifteef.
Muy Sàkkaryaa ak Ben ak Yaasyel ak
Semiramot ak Yexyel ak Uni ak Elyab ak
Benaya ak Maaseya ak Matica ak
Elifelewu ak Migneya ak Obedd Edom ak
Yewel.
19 Woykat ya ñuy wax Eman ak Asaf ak
Etan nañuy tëgg tamay xànjar.
20 Sàkkaryaa nag ànd ak Asyel ak
Semiramot ak Yexyel ak Uni ak Elyab ak
Maaseya ak Benaya, ñu féetewoo toxoro ya,
def ko galan bu dëppook baat ya gëna sew.
21 Noonu Matica ak Elifelewu ak
Migneya ak Obedd Edom ak Yewel ak
Asasya wara ànd jibal xalam ya, jiite woy
ya galanu Seminit.
22 Kenaña kilifay Leween ña, na jiite
woy ya. Looloo doon wàllam ndax ku ko
manoon la.
23 Berekya ak Elkana ñooy doon
wattukati gaal ga,
24 ñook wattukati gaal ga ñuy wax Obedd
Edom ak Yexya. Ci biir loolu, sarxalkat yii
di Sebaña ak Yosafat ak Netaneel ak
Amasay ak Sàkkaryaa ak Benaya ak
Elyeser, ñoom ñoo féetewoo wal liit ya, jiitu
gaalu Yàlla ga.
25 Ba mu ko defee Daawuda ànd ak magi
Israayil ak njiiti xare ya, ñu jëliji gaalu
kóllërey Aji Sax ji kër Obedd Edom, lépp ci
biir mbégte.
26 Yàlla nag yiir Leween ña gàddu gaalu
kóllërey Aji Sax ja, ñu sarxalal ko juróom
ñaari yëkk ak juróom ñaari kuuy.
27 Daawudaa nga sol mbubbum lẽe,
mook Leween ña gàddu gaal ga yépp ak
woykat yaak Kenaña ma leen jiite.
Daawudaa nga boole ca sol am xar-sànnim
lẽe.
28 Noonu la Israayil gépp ànde yóbbu
gaalu kóllërey Aji Sax ji, sarxolle ya jib, ànd
ak coowal béjjén ya ñuy wal, ak liit yaak

tama ya ak toxoro yaak keseŋ-keseŋ ya ak
ay xeeti xalaam.
29 Ba gaalu Aji Sax jay duggsi ca biir gox
ba ñu naan Kër Daawuda, soxnas
Daawuda, Mikal doomu Sawul a nga
sëppu ca palanteeram. Mu gis Buur
Daawuda di tëb aka fecc. Mu jéppi ko lool.

## 16

1 Gannaaw loolu ñu indi gaalu Yàlla ga,
yeb ko ca biir xayma ba ko Daawuda
sampal, ba noppi ñu joxe fa kanam Yàlla
ay saraxi rendi-dóomal ak saraxi cant ci
biir jàmm.
2 Ba Daawuda defee saraxi rendi-dóomal
yaak saraxi cant ci biir jàmm, ñaanal na
askan wa ci turu Aji Sax ji.
3 Daawuda daldi jox kenn ku nekk ci
waa Israayil góor ak jigéen menn mburu
ak nàkkub tàndarma ak nàkkub reseñ.
4 Ba loolu wéyee Daawuda tànn ñenn ca
Leween ña, ñuy liggéey fa kanam gaalu Aji
Sax ji, di woy, di sant aka màggal Aji Sax ji
Yàllay Israayil.
5 Ñooñu Asaf a leen jiite woon, Sàkkaryaa
di seen ñaareelu kilifa, ña ca topp di Yewel
ak Semiramot ak Yexyel ak Matica ak
Elyab ak Benaya ak Obedd Edom ak
Yewel. Ñooñu wara yore ay jumtukaayi
xumbéen yu mel ni ay xalam aki kooraa,
Asaf yore tabala ji,
6 Benaya ak Yaxasyel, sarxalkat ya,
wara dëkke di wal liit ya fa kanam gaalu
kóllërey Yàlla ga.
7 Bésub keroog la Daawuda njëkka dénk
Asaf aki bokkam liggéeyu cant yi, ñeel Aji
Sax ji, woy wa jib:
8 Santleen Aji Sax ji, tudd turam,
xamley jalooreem ci biir xeet yi.
9 Woyleen ko, tagg ko,
yégleleen mboolemi kéemaanam!
10 Damooleen turam wu sell,
yal na kuy wut Aji Sax ji am bànneexu xol.
11 Wutleen Aji Sax ji, sës ci dooleem.
Saxooleen koo wër!
12 Fàttalikuleen ay jalooreem
aki kéemaanam aki àtteem.
13 Yeen sëti Israayil, jaamam ba,
yeen sëti Yanqóoba, yeen ñi mu tànn!

14 Kee di sunu Yàlla Aji Sax ji,
di àtte suuf sépp.
15 Fàttalikuleen kóllëreem ba fàww,
ak kàddoom ba ci junniy maas.
16 Mooy digeem baak Ibraayma,
di la mu giñal Isaaxa.
17 Moo ko dëggalal Yanqóoba, sàrtal ko,
fase kook Israayil mooma kóllëre gu sax.
18 Moo noon: «Yaw laay jox réewum
Kanaan
muy sa cér, nga séddoo.»

19 Ba bànni Israayil doonee ñu néewa néew,
diy doxandéem ci réew mi,
20 di wëreelu ci biir xeetoo xeet,
ak nguuroo nguur,
21 mayul kenn mu noot leen,
te yaral na leen ay buur,
22 ne leen: «Buleen laal ñi ma séddoo
te samay yonent buleen leen lor.»

23 Woyleen Aji Sax ji yeen àddina sépp,
siiwalleen xettaleem bésoo bés!
24 Siiwalleen màggaayam ci biir xeet yi,
xamal waasoo waaso ay jalooreem.
25 Aji Sax jee màgg, jara sant a sant
te gëna mata ragal lépp lu ñuy jaamu.
26 Mboolem yàlla yi xeet yiy jaamu,
yàllantu la,
waaye Aji Sax jee sàkk asamaan.
27 Màggaay ak daraja, fa moom,
doole ak mbégtee nga ca dëkkuwaayam.

28 Yeen làngi xeet yi, seedeelleen Aji Sax ji,
seedeelleen Aji Sax ji màggaayam ak
dooleem.
29 Seedeelleen Aji Sax ji màggaayu turam,
yékkatil kob sarax, te dikk ci kanamam.
Sujjóotalleen Aji Sax ji gànjaroo sellaay.
30 Ragalleen ko, bay lox, yeen waa àddina
sépp.
Àddinaa ngi sampu ba dëgër moos,
maneesu koo rëññeel.
31 Asamaanoo, bégal!
Suufoo, bànneexul!
di seede ci biir xeet yi,
ne Aji Sax jeey Buur!
32 Géejoo, riiral yaak mboolem li la fees,
na mbooy mi jaayu, mook lu ci biiram,
33 ba garabi àll bi teertoo Aji Sax ji ay
sarxolle,
ndax moo àttesi àddina.
34 Santleen Aji Sax ji, kee baax,

kee saxoo ngoram.
35 Àdduleen, ne ko: «Yaw Yàlla mi nuy
musal,
wallu nu, génnee nu ci xeet yi, dajale nu,
nu sante laak sa tur wu sell,
di sagoo sa teddaay.
36 Santleen Aji Sax ji Yàllay Israayil,
cant gu sax dàkk, ba fàww.»
Noonu mbooloo ma mépp ne: «Amiin,»
teg ca ne: «Jërëjëfe Aji Sax ji!»
37 Ba mu ko defee Daawuda dëddu, bàyyi
Asaf aki bokkam ca kanam gaalu Aji Sax
ji, ngir ñuy saxoo liggéey fa kanam gaal ga,
di fa def la leen war bés bu nekk.
38 Ci biir loolu mu tabb ay wattukati
bunt; ñuy Obedd Edom, ku góor kay
doomu Yedutun, ak juróom benn fukki
góor ak juróom ñett (68) ñu mu bokkal,
boole ca Osa.
39 Ci kaw loolu Daawuda dénk Cadog ak
yeneen sarxalkat yi mu bokkal liggéey ba,
ca jaamookaayu Aji Sax ja ca tundu
Gabawon.
40 Ñuy def bés bu nekk, subaak ngoon,
ay saraxi rendi-dóomal ca kaw
sarxalukaayu rendi-dóomal ba, ñeel Aji
Sax ji. Loolu dëppook mboolem li ñu bind
ci téereb yoon wi Aji Sax ji jox Israayil.
41 Ba loolu amee ñu ànd ak Eman ak
Yedutun ak ñeneen ñi ñu tànn, jagleleen ñu
wara sante Aji Sax ji baat yii: «Li ko waral
mooy ngoram gi sax dàkk.»
42 Eman ak Yedutun ñoo féetewoo woon
liit yaak tabala ya ak yeneen jumtukaayi
xumbéen yi jëm ci woy Yàlla; doomi
Yedutun yu góor nag di taxaw ca bunt ba.
43 Ba loolu amee mbooloo mépp dem, ku
nekk ñibbi këram. Daawuda it ñibbi këram,
ñaanali waa këram.

# 17

## *Yàlla dig na Daawuda kër*

1 Gannaaw gi, Daawuda këram la nekk
ab diir. Mu am bés mu wax Yonent Yàlla
Natan ne ko: «Xoolal rekk, maa ngi dëkke
kërug banti seedar, te gaalu kóllërey Aji
Sax ji dëkke xaymab ndimo!»
2 Natan ne Daawuda: «Mboolem loo ci
namma def rekk, defal, ndax Yàlla yaw la
àndal.»
3 La ca tegu, guddig keroog, kàddug Yàlla
dikkal Natan, ne ko:
4 «Demal wax Daawuda samab jaam, ne
ko: “Aji Sax ji dafa wax ne: Du yaw yaa
may tabaxal kër gu ma dëkke.
5 Bés ba ma génnee bànni Israayil ca
Misra ba tey jii, masumaa dëkk ci kër.
Naka jekk cib xayma laay jóge, dal cib
xayma, toxoo cib dëkkuwaay dal ci beneen.
6 Mboolem fu ma masa ànd ak Israayil
gépp, ndax mas naa wax benn baat kenn
ci njiiti Israayil yi ma sant ñu sàmm sama
ñoñ, ne leen: ‘Lu tere nga tabaxal ma
kërug bantu seedar?’
7 Kon nag waxal sama jaam Daawuda,
ne ko: Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi
dafa wax ne: Maa la jële ca parlu ga nga
toppe woon gàtt ya, ngir nga doon kilifag
Israayil, sama ñoñ.
8 Maa ànd ak yaw fépp foo dem, maa
tenqee fi sa kanam mboolem say noon, te
maa lay may tur wu tollu ni turi boroom
daraja yi ci àddina.
9 Maay sàkkal Israayil sama ñoñ ab
dëkkuwaay, samp leen fa, ñu dëkke ko, te
deesu leen fa lëjalati. Ñu bon ñi duñu leen
taxa ñàkk yaram na woon,
10 ba ma falee ay njiit ci kaw Israayil
sama ñoñ. Maay nasaxal sa noon yépp. Te
it maa ngi lay yégal ne la, Aji Sax ji moo lay
sosal kër.
11 Te boo demee ba say fan mat ba nga
fekki say maam, su boobaa maay yékkati
kenn ci saw askan mu wuutu la, jóge ci sa
geño; te maay taxawal nguuram.
12 Kookoo may tabaxal kër te maay
taxawal ab jalam ba fàww.
13 Man baayam laay doon, moom muy
sama doom, te sama cofeel duma ko ko
xañ mukk, ni ma ko xañe woon ki nga
wuutu ci jal bi.
14 Maa koy dëj mu jiite sama waa kër,
jiite sama nguur ba fàww te ab jalam day
sax ba fàww.”»
15 Noonee Natan jote mboolem kàddu
yooyu ak peeñu moomu, na la ko yegge
Daawuda.

## *Lu jëm ci ñaanu Daawuda*

16 Ba loolu amee Buur Daawuda dikk ba
fa kanam Aji Sax ji, daldi toog ne ko: «Céy
Aji Sax ji Yàlla, ana lu ma tekki, man, ak lu

sama waa kër tekki, ba tax nga indi ma ba
fii ma àgg?
17 Yàlla sama Boroom, loolu sax doyatu
la, xanaa nga dem ba waxaale ci sama
askan wi sosoogul, Sang bi. Aji Sax ji Yàlla,
geesu nga ma moos, ba mu mel ni damaa
bokk ci nit ñi am daraja.
18 Ana lu ma lay waxati man Daawuda
sab jaam ci teraanga ji nga ma defal? Yaw
de, yaa ma ràññee, man sab jaam.
19 Céy Aji Sax ji, Sang bi, yaa def
mboolem jii jëf ju réy ci sa yéeney xol, yaa
xamle mboolem mbir yu réy yii.
20 Aji Sax ji, kenn du yaw, kenn it du
Yàlla ku dul yaw, te mboolem lu nu nopp
may, dëggal na loolu.
21 Ana askan wu mel ni Israayil sa ñoñ,
di wenn askan fi kaw suuf, woo dikk jotal
sa bopp yaw, ñoñoo leen. Siiwal nga saw
tur moos, ba nga defee ay jaloore aki
kéemaan ba dàq ay xeeti xeet ngir sa ñoñ ñi
nga goreele fa Misra.
22 Def nga Israayil sa ñoñ, ñoñoo leen ba
fàww, te yaw Aji Sax ji yaa di seen Yàlla.
23 «Kon nag Aji Sax ji, Sang bi, li nga ma
dig, man, ak sama waa kër, saxal ko ba
fàww, te nga defe ko noonu nga ko waxe.
24 Su boobaa saw tur mooy sax, di gëna
màgg ba fàww, ñu naan: "Aji Sax ji Boroom
gàngoori xare yi, di Yàllay Israayil, yaay
Yàlla ji nekkal Israayil." Sama waa kër nag,
man Daawuda, yal nañu sax fi sa kanam,
Sang bi.
25 «Ndax kat sama Yàlla, yaw déy yaa ma
déey, Sang bi, ne kër nga may sosal. Moo
tax ma ñeme laa ñaan lii, Sang bi.
26 Léegi nag yaw Aji Sax ji, yaa di Yàlla te
yaa ma dig yiw wii, Sang bi.
27 Kon nag Sang bi, nangula barkeel
sama kër, ngir mu sax ba fàww fi sa kanam.
Ndax kat yaw Aji Sax ji, yaa ko barkeel,
kon nag dina barkeel moos, ba fàww.»

# 18

### *Daawuda daan na*

1 Gannaaw ba loolu wéyee Daawuda
duma na Filisteen ña, noot leen, nangoo ci
seen loxo dëkk ba ñuy wax Gaat ak dëkk yu
ndaw ya ko wër.
2 Mu teg ca duma Mowabeen ña, ñu
nangul ko, di ko indil galag.
3 Ba loolu wéyee Daawuda duma
Adadeser buurub Coba, ca wetu Amat,
fekk Adadeser dem fa di lawal nguuram
ca tàkkal dexu Efraat.
4 Daawuda nangoo ca moom junniy
(1 000) watiir, jàpp juróom ñaari junniy
(7 000) gawar ak ñaar fukki junniy (20 000)
xarekat yu warul. Daawuda teg ca dog
sidditi tànki fas yi ñu takkal watiir yépp,
bàyyiwu ca lu moy téeméer.
5 Waa Siri ña dëkke réewum Damaas dikk
wallusi Adadeser buurub Coba. Daawuda
duma ca ñoom ñaar fukki junneek ñaar
(22 000).
6 Ba mu ko defee Daawuda tabb ay
jawriñam ca Damaas ca Siri, waa Siri di
surgawu Daawuda, di ko indil galag. Aji
Sax ji may Daawuda ndam fépp fu mu
dem.
7 Ci biir loolu Daawuda nangu pakki
wurus ya jawriñi Adadeser takkoon, daldi
koy yóbbu Yerusalem.
8 Dëkki Adadeser ya ñuy wax Tibat ak
Kun itam xànjar ju takku lool la fa
Daawuda nangoo. Ca la Suleymaan
defarlu mbalkam xànjar ma ak ay kenu
xànjar yaak yeneen ndabi xànjar.
9 Ci kaw loolu Towu buurub Amat dégg
ne Daawuda duma na mboolem gàngooru
Adadeser buurub Coba.
10 Mu yebal Adoram, doomam ju góor ca
Buur Daawuda, di ko yóbbante nuyoob
jàmm, ak ndokkale ci jéll bi mu daan
Adadeser, ndax Adadeser xare woon naak
Towu. Mboolem luy wurus ak xaalis ak
xànjar nag Adadeser yóbbante na ko ko.
11 Buur Daawuda nag jagleel ko Aji Sax
ji, boole kook xaalis baak wurus wa mu
nangoo woon ca mboolem réew yi:
Edomeen ñaak Mowabeen ñaak Amoneen
ñaak waa Filisteek Amalegeen ña.
12 Abisay, ku góor kay doomu Ceruya
jam na fukki junniy Edomeen ak juróom
ñett (18 000) ca xuru Xorom wa.
13 Gannaaw gi, tabb na ay jawriñam ca
réewum Edom, ba Edomeen ñépp di
surgawu Daawuda. Ci kaw loolu Aji Sax ji
may Daawuda ndam fépp fu mu xaree.

### *Ñii ñooy jawriñi Daawuda*

[14] Buur Daawuda ci kaw Israayil gépp la nguuru woon, muy jëfe dëgg ak yoon ñeel réewam mépp.
[15] Yowab, mi Ceruya di ndeyam, moo jiite woon gàngooru xare ga. Yosafat doomu Axiludd yore kàddug buur.
[16] Cadog doomu Axitub ak Abimeleg doomu Abyatar ñoo doon sarxalkat ya, Sawsa di bindkat ba.
[17] Benaya doomu Yoyada moo jiite woon waa Keret ak waa Pelet. Doomi Daawuda yu góor di kilifay jawriñi buur, feggook moom.

# 19

*Daawuda daan na Amoneen ña*

[1] Jamono nag di dox ba Naxas buurub Amoneen ña dee, doomam ju góor falu wuutu ko.
[2] Daawuda ne: «Dinaa yéwéne Anun doomu Naxas, na ma baayam yéwénee woon.» Ci kaw loolu Daawuda yebal ay ndawam ca Anun, di ko jaal baayam. Ba ndawi Daawuda agsee ca réewum Amoneen ña di jaalsi Anun,
[3] njiiti Amoneen ña wax ak Anun ne ko: «Defe nga ne moos wormaal sa baay la Daawuda namm, ba yónnee la ay nit ñu la jaal? Foogoo ne seetsi réew mi ak nemmikusi ko, ba song ko moo tax Daawuda yebal ay nitam ci yaw?»
[4] Anun daldi jàpp niti Daawuda ña, wat leen, duppati seeni mbubb fa tollook toogukaay ba, door leena bàyyi ñu dem.
[5] Nit dikk yegge Daawuda seen mbir. Mu yebal ñu leen gatanduji ndax na ñu leen toroxale. Buur ne leen ñu toog Yeriko, ba seeni sikkim sëqaat, ñu doora ñibbisi.
[6] Gannaaw loolu Amoneen ña xam ne merloo nañu Daawuda. Anun ak Amoneen ña daldi yónnee ñetti téeméeri barigoy xaalis ak ñeent fukk (340) ngir bindeji ko ay watiir aki gawar ca waa Siri ña ca diiwaanu Naarim, ak waa Siri ña ca diiwaani Maaka ak Coba.
[7] Ñu bind nag fanweeri junneek ñaar (32 000) ciy watiir aki gawar, bindaale buuru Maaka mooki xarekatam, nu dikk dal ca wetu Medeba. Ci biir loolu ñu jóge ca seeni dëkk daje, àndandoo nara xareji.
[8] Daawuda dégg ko, yebal Yowab ak mboolem gàngooru jàmbaar ya.
[9] Ba mu ko defee Amoneen ña génn làng-dér ca seen buntu dëkk ba. Buur yi leen sotlesee nga taxawe nee ca àll ba, seen wetu bopp.
[10] Yowab nag gis làngi xare yi ñu wara jànkoonteel, ña ko féete kanam ak ña ca gannaaw. Mu tànne ca gàngooru Israayil ay jàmbaari xare, ñu làng-déral waa Siri.
[11] La des ca gàngoor ga nag mu teg leen ca loxol rakkam Abisay, yebal leen ñu jànkoontejeek Amoneen ña.
[12] Yowab ne Abisay: «Su ma waa Siri ëppee doole, nga wallusi ma; su la Amoneen ñi ëppee doole, ma wallusi la.
[13] Dëgërluleen nag te nu góor-góorlu xeexal sunu xeet ak sunu dëkki Yàlla yii. Aji Sax ji nag yal na def liy coobareem.»
[14] Ba loolu amee Yowab ak gàngoor ga ànd ak moom sàqi, song waa Siri xare, ñu daw, won leen gannaaw.
[15] Amoneen ña gis waa Siri di daw, ñoom it ñu daw, won Abisay rakki Yowab gannaaw, ba dellu ca biir dëkk ba. Yowab nag dellu Yerusalem.
[16] Ci biir loolu waa Siri gis ne Israayil duma na leen, ñu yónni ay ndaw, jëli waa Siri ña ca wàllaa dexu Efraat, Sofag njiital gàngooru Adadeser jiite leen.
[17] Naka lañu ko wax Daawuda, mu woo Israayil gépp, ànd ak ñoom, jàll dexu Yurdan wuti leen, daldi làng-dér janook ñoom. Daawuda làng-dér jànkoonteek waa Siri ca seen xare baak moom.
[18] Waaye waa Siri ñoo daw, won Israayil gannaaw, Daawuda rey ca ñoom juróom ñaari junniy (7 000) gawar yuy dawal watiir ak ñeent fukki junniy (40 000) góor ñu warul. Sofag njiital xare ba it, mu rey ko.
[19] Ba jawriñi Adadeser gisee ne daanu nañu fa kanam Israayil, dañoo jàmmook Daawuda, nangul ko. Loolu tax waa Siri nangootuñoo sotle Amoneen ña.

# 20

*Amoneen ña daanu nañu*

[1] Gannaaw loolu ca ndoortel at ma ca topp, yemook jamono ja buur ya daan xareji, Yowab daa jiite gàngooru xare gu

takku, dem yàqate réewum Amoneen ña,
gaw dëkk ba ñuy wax Raba. Fekk na
Daawuda des Yerusalem. Yowab nag song
Raba, faagaagal ko.
2 Daawuda nangu seen mbaxanam
buur ma ñu solal jëmmu tuur ma ñuy wax
Milkom*. Diisaayu mbaxana maa nga
tollu ci fanweeri kiloy wurus ak ñeent, aw
doj wu gànjare tappe ca. Ñu solal ko
Daawuda. Alal ju baree bare la Daawuda
nangoo ca dëkk ba.
3 Waa dëkk ba, mu génne leen, teg leen
liggéeyu sañul-bañ, féetale leen ay
xasukaay ngajjuy weñ aki sémmiñ. Noonu
la Daawuda def ak dëkki Amoneen ñépp.
Gannaaw loolu Daawuda ànd ak gàngooru
xareem gépp, dellu Yerusalem.

*Niti Daawuda daan nañu waa Filisti*

4 Ñu dem ba jëmmi jamono, xare jib seen
digg ak Filisteen ña ca dëkk ba ñuy wax
Geser. Booba la Sibekay ma askanoo ci
Usa, rey Sippay, jenn waay ju bokk ca
askanu ponkal ya. Ci biir loolu ñu noot
leen.
5 Xare amati seen digg ak Filisteen ñi,
Elxanan doomu Yaare rey Laxmi
mbokkum Golyaat ma dëkk Gaat. Kookoo
di waa ja bantub xeejam réyoon, bay saf
mbaam mu ñuy ràbbe.
6 Xare dellu amati ca Gaat, menn ponkal
a nga ca, am juróom benni baaraam ci loxo
bu nekk ak juróom benni baaraam tànk bu
nekk, lépp di ñaar fukki baaraam ak ñeent.
Moom it am ponkalum Rafayeen la woon.
7 Ba mu tëkkoo Israayil, Yonatan ma
Simeya magi Daawuda di baayam, moo ko
rey.
8 Ñooñu ay ponkali Rafayeen lañu woon
ca Gaat. Daawudaaki nitam ñoo leen jam,
ñu daanu.

# 21

*Daawuda waññ na bànni Israayil*

1 Mu am bés Seytaane* jógal Israayil,
daldi xiir Daawuda ci lim Israayil.
2 Daawuda wax Yowab ak njiiti
mbooloo ma, ne leen: «Demleen ngeen
waññil ma Israayil, dale ko Beerseba ga ca
bëj-saalum, ba Dan ga ca bëj-gànnaar, doora
délsi fi indil ma, ma xam seen lim.»
3 Yowab ne ko: «Buur, yal na Aji Sax ji ful
askan wi téeméeri yoon, waaye sang bi,
xanaa du ñoom ñépp say surga lañu? Loo
namm ci loolu, ba nara yóbbe Israayil ag
tooñ?»
4 Terewul kàddug Buur ëpp doole Yowab.
Yowab bàyyikoo fa, wëri Israayil gépp, ba
délsiwaat Yerusalem.
5 Ba mu ko defee Yowab indil Daawuda
limu askan wa, Israayil gépp di junniy
junni ak téeméeri junniy (1 100 000) góor ñu
tollu ci xare, Yuda am ñeenti téeméeri
junniy góor ak juróom ñaar fukki junni
(470 000), ñépp tollu ci xare.
6 Waaye giiri Lewi ak Beñamin, Yowab
limaalewu leen, ndax ndigalal buur la da
ko soofoon lool.
7 Ndigal loolu nag Yàlla ñaawlu ko, ba tax
mu mbugal Israayil.
8 Ba loolu amee Daawuda ne Yàlla:
«Bàkkaar naa lool ndax lii ma def. Léegi
nag Boroom bi, ngalla jéggal ma samag
ñaawtéef ndax jëfi dof ju réy lool laa def.»
9 Aji Sax ji wax Gàdd boroom peeñu bu
Daawuda, ne ko:
10 «Demal wax Daawuda ne ko: “Aji Sax ji
dafa wax ne: Ñett laa lay jox; yaay tànn lu
ma la ciy def.”»
11 Gàdd dem ca Daawuda jottali ko wax
ja, ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne: Tànnalal
sa bopp.
12 Diggante ñetti ati xiif ak ñetti weer
yooy daw say noon ñu di la dab ak
saamar, ak ñetti fani saamaru Aji Sax ji, di
mbas ci réew mi, malaakam Aji Sax ji di
faat bànni Israayil wet gu nekk. Léegi tànn
ci lenn, ma xam lu may waxi ki ma yónni.»
13 Daawuda ne Gàdd: «Am naa njàqare
lool, waaye naa tàbbi ci loxol Aji Sax ji
rekk ndax yërmandeem yaa na lool, waaye
loxol doom aadama moom, yàlla buma ci
daanu.»
14 Ba mu ko defee Aji Sax ji wàcce mbas
ci kaw Israayil, juróom ñaar fukki junniy
(70 000) nit dee ca Israayil.
15 Naka la Yàlla yónni malaaka ca
Yerusalem ngir mu faat leen, mu leen di

* **20.2** Am na yeneen mbind yu yàgg yu indi ne seen buur lañu daan solal mbaxana mi. * **21.1** ***Seytaane*** li muy firi mooy ab noon.

faat nag, Aji Sax ji gis ko, naqarlu njekkar
la, daldi wax ak malaakam reykat ma ne
ko: «Léegi doy na! Teggil sa loxo.» Booba
malaakam Aji Sax jaa nga taxaw ca dàggay
Ornan† Yebuseen ba.
16 Daawuda teen, gis malaakam Aji Sax
ji taxaw diggante asamaan ak suuf. Ma
nga bocci saamaram, ŋàbb ca loxoom,
xàcc, mu tiim Yerusalem. Daawuda ak
magi Israayil ànd ne gurub, dëpp seen jë fa
suuf. Ña nga sol ay saaku, di ko toroxloo.
17 Daawuda nag ne Yàlla: «Xanaa du man
maa dogoo lim askan wi? Man miy sàmm
bi déy, maa bàkkaar, maa def lu bona bon.
Ñii diy xar doŋŋ, topp ci man, lu ñu def?
Aji Sax ji sama Yàlla, na sa loxo dal ci sama
kaw man kay, maak sama waa kër baay!
Mbas mi bumu dal saw askan!»
18 Fekk na malaakam Yàlla ne Gàdd mu
sant Daawuda, ngir mu dem tabaxal Aji
Sax ji sarxalukaay ca dàggay Ornan,
Yebuseen ba.
19 Daawuda dem ca, na ko ko Aji Sax ji
sante, Gàdd jottali.
20 Ba mu ko defee Ornan séen malaaka
ma. Ñeenti doomam dem làquji, Ornan di
bàcc am pepp.
21 Ba Daawuda dikkee ba ci Ornan,
Ornan séen Buur, daldi génn dàgga ja,
sujjóotal Daawuda, dëpp jëëm ca suuf.
22 Daawuda ne ko: «Jox ma sa béreb bii
nga def dàgga, ndax ma tabaxal fi Aji Sax ji
sarxalukaay, ndax mbas mi dal ci kaw
askan wi yem fi. Jox ma ko, ma wecci la ko
njëg gu mat sëkk.»
23 Ornan ne Daawuda: «Buur, sang bi,
jëlal, def ko lu la neex. Nag yaa ngii, def ko
saraxu rendi-dóomal, watiir yi, nga def ko
matt, bele bi nga def saraxu pepp. Lépp
jox naa la ko.»
24 Teewul Buur Daawuda ne Ornan:
«Déedéet, jënd kay laay def ci njëg gu mat
sëkk sax, ndax duma jël sa alal di ko jox Aji
Sax ji; te duma jël lu ma dikkewul dara di
ko def saraxu rendi-dóomal.»
25 Noonu Daawuda fey Ornan ca pàkk
ba juróom benni téeméeri siikali wurus.
26 Gannaaw loolu Daawuda tabaxal fa
Aji Sax ji sarxalukaay, rendi fa ay juri
saraxu rendi-dóomal ak ay saraxi cant ci
biir jàmm. Mu woo Aji Sax ji wall, Aji Sax ji
nangul ko, misaale ko ko sawara wu wàcce
asamaan, tàkk ca kaw sarxalukaayu
rendi-dóomal ba.
27 Ci biir loolu Aji Sax ji wax ak malaaka
ma, mu delloo saamaram ca mbar ma.
28 Ci jant yooyu, Daawuda gis ne Aji Sax
ji nangul na ko ca dàggay Ornan Yebuseen
ba, mu di fa faral di ko fa defal ay sarax.
29 Ndaxte jaamookaay ba Musaa yékkati
woon ca màndiŋ ma, ak sarxalukaayu
rendi-dóomal ba, ña nga woon jant yooyu
ca kaw tund wa ca Gabawon.
30 Waaye Daawuda manul woona dem
foofa sàkku ndimbalu Yàlla ndax ragal
saamaru malaakam Aji Sax ji.

# 22

*Daawuda waajal na liggéeyu jaamookaay bi*

1 Daawuda nag ne: «Fii la kër Aji Sax ji
Yàlla te fii la sarxalukaayu rendi-dóomal bi
nekkal Israayil.»
2 Ba mu ko defee Daawuda joxe ndigal
ñu woo doxandéem yi ci réewum Israayil,
mu tànn ca ñoom ay yattkati doj yuy yatt
ay doj yu ñuy tabaxe kër Yàlla ga.
3 Ci kaw loolu mu waajal weñ gu ñuul gu
takku ngir ponti bunt ya cay dem ak lafi
bunt ya ak weñi wewukaayam ak xànjar ju
bare ba maneesu koo waññ.
4 Banti seedar ya it maneesu koo lim
ndax waa Sidon ak waa Tir indil nañu
Daawuda banti seedar yu baree bare.
5 Daawuda daldi ne: «Sama doom
Suleymaan gone la te xamul àddina, te kër
gi ñuy tabaxal Aji Sax ji wara màgg lool ba
yéeme, yànj te am daraja ba siiw, xeet yépp
gis ko. Kon nag dama koy daldi waajal.»
Daawuda waajal na lu bare bala moo dee.
6 La ca topp mu woo doomam
Suleymaan, sant ko ne ko mu tabaxal
Yàllay Israayil kër.
7 Daawuda ne Suleymaan: «Doom, li ma
mébétoon ci sama xol mooy tabax kër ngir
sama turu Yàlla, Aji Sax ji.
8 Waaye kàddug Aji Sax ji dikkal ma, ne
ma: “Deret ju bare nga tuur, xare lu bare;
kon nag doo tabax kër di ma ko tudde

† **21.15 *Ornan*** mooy Arawna ba tey. Seetal ci *2.Samiyel* 24.16.

man, ndax deret ju ne gàññ nga tuur ci
kaw suuf, may gis.
9 Waaye déglul, dinga am doom ju góor
juy doon nitu jàmm te dinaa ko may ay
noonam yi ko wër yépp jàmmal ko.
Suleymaan (muy firi Boroom jàmm ji) sax
lay tudd, te jàmm akug dal lay may Israayil
giiru dundam.
10 Moom mooy tabax kër, tudde ko
samaw tur, mel ni doom ci man, ma mel
ni baay ci moom te maay saxal ngànguney
nguuram ci Israayil ba fàww.”
11 «Léegi nag doom, yal na Aji Sax ji ànd
ak yaw ba nga man koo tabaxal kër, moom
sa Yàlla Aji Sax ji, mu dëppook li mu wax ci
yaw.
12 Yal na la Aji Sax ji may xel mu rafet ak
xam-xam bés bu lay jox kilifteefug
Israayil, ndax nga mana sàmm yoonam,
moom sa Yàlla Aji Sax ji.
13 Soo dee sàmm tey jëfe dogal yeek
ndigali yoon yi Aji Sax ji dénk Musaa ngir
bànni Israayil, su boobaa dinga baaxle
moos. Góor-góorlul nag te am fit dëgër. Bul
ragal, bul yoqi.
14 «Gisal, sonn naa lu ma man, ngir
waajal tabaxu kër Aji Sax ji; wurus, dajale
naa ci fanweeri barigo ak ñeent; xaalis,
ñetti téeméeri junniy barigo ak ñeent fukk;
xànjar beek weñ gu ñuul gi, maneesu koo
natt ndax bare. Ay bant aki doj it waajal
naa ko, ak loo ci mana dolli.
15 «Am nga liggéeykat yu bare. Am na ñuy
toj aka yatt ay doj ak liggéeykati bant ak ñu
mane lépp luy xeetu liggéey.
16 Wurus wi ak xaalis bi ak xànjar bi ak
weñ gu ñuul gi, maneesu koo wañ. Ayca
boog ci liggéey bi, te yal na Aji Sax ji ànd ak
yaw.»
17 Gannaaw gi, Daawuda sant mboolem
kilifay Israayil ne leen ñu jàppale doomam
Suleymaan.
18 Mu ne leen: «Xanaa du seen Yàlla Aji
Sax jaa ngi ànd ak yeen, may leen jàmm fi
leen wër fépp? Ndax kat teg na ci sama
loxo waa réew mi, ba réew mi mépp
nangul Aji Sax ji, nangul ñoñam.
19 Kon nag nangeen yeboo xol ci wut
seen Yàlla Aji Sax ji, teg ci seen bakkan.
Aycaleen boog ci tabax kër gu sell gu ñeel
Yàlla Aji Sax ji, ba mana yeb gaalu kóllërey
Aji Sax ji ak ndabi Yàlla yu sell yi ci biir kër
gi ñu tabax, tudde ko turu Aji Sax ji.»

# 23

## *Daawuda tabb na Leween ñi*

1 Ba Daawuda màggatee, làq ay ati at ba
doyal, doomam Suleymaan la fal buurub
Israayil.
2 Mu teg ca woolu mboolem kilifay
Israayil ak sarxalkat yaak Leween ña.
3 Ba ñu waññee Leween ña dale ko ca ña
am fanweeri at jëm kaw, lim ba bépp
fanweeri junni ak juróom ñett la (38 000).
4 Daawuda ne: «Ñaar fukki junni ak
ñeent (24 000) ca ñoom ñooy sasoo liggéeyu
kër Aji Sax ji, juróom benni junni (6 000)
diy saytukat aki àttekat.
5 Ñeenti junni (4 000) di ay wattukati
bunt, ñeenti junni (4 000) di woyal Aji Sax ji
mu ànd ak jumtukaayi xumbéen yi ma
defarlu, ñu di ko sante Yàlla.»
6 Ci kaw loolu Daawuda séddale Leween
ñi ñetti kuréel yu dëppook ñetti làngi doomi
Lewi yu góor ya leen meññ, di Gerson ak
Keyat ak Merari.

## *Askanu Gerson a ngii*

7 Askanu Gerson di Ladan ak Simey.
8 Doomi Ladan yu góor ñoo di Yexyel
may taaw ak Setam ak Yowel, ñuy ñett.
9 Doomi Simey yu góor ñoo di Selomit ak
Asyel ak Aran, ñuy ñett ñooñu ñoo doon
kilifay kër yi soqikoo ci Ladan.
10 Doomi Simey yu góor ñoo di Yaxat ak
Sisa ak Yewus ak Berya.
11 Yaxat moo doon taaw, Sisa di ñaareelu
doomam, waaye Yewus ak Berya
barelewuñu ay doom yu góor, ba tax ñu
boole leen genn kër ca lim ba.

## *Askanu Keyat a ngii*

12 Askanu Keyat di Amram ak Iccar ak
Ebron ak Usyel.
13 Doomi Amram yu góor ñoo di Aaróona
ak Musaa. Aaróona nag ñu jagleel ko Aji
Sax ji, mook askanam ba fàww, mu
féetewoo liggéeyu néeg bu sella sell bi, di
taalal Aji Sax ji saraxu cuuraay, di ko
jaamu tey ñaanal askan wi ci turu Aji Sax ji
ba fàww.

14 Góor ñiy doomi Musaa, nitug Yàlla ka,
ñoom dañu leena limaale ci giirug Leween
ñi.
15 Doomi Musaa yu góor ñoo di Gersom
ak Elyeser.
16 Taawub Gersom bu góor moo di
Sebuwel.
17 Elyeser kenn la am ci doom ju góor,
muy Rexabya; amul keneen, waaye ñu
bare soqeekoo nañu ci Rexabya.
18 Doomi Iccar ju góor moo di Selomit,
taawam.
19 Doomi Ebron yu góor ñoo di Yerya
taawam, ñaareel ba di Amarya, ñetteel ba
di Yaxasyel, ñeenteel ba di Yekamam.
20 Doomi Usyel yu góor ñoo di Mise,
taawam, ñaareel ba di Isiya.

*Askanu Meraree ngii*

21 Doomi Merari yu góor ñoo di Maxli ak
Musi. Doomi Maxli yu góor ñoo di Elasar
ak Kis.
22 Elasar dee na te amul doom ju góor.
Ay doom yu jigéen rekk la am. Seeni
càmmiñ, doomi Kis, denc leen.
23 Doomi Musi yu góor ñoo di Maxli ak
Eder ak Yeremot, ñuy ñett.
24 Ñooñu ñoo askanoo ci Lewi, di ay
kilifa ca seeni kër baay, ñu waññ leen,
kenn-kenn, bind seeni tur. Ñoo doon ñi
am ñaar fukki at ak lu ko ëpp, di liggéey ci
kër Aji Sax ji.
25 Fekk na Daawuda waxoon ne: «Aji Sax
ji Yàllay Israayil jàmmal na ñoñam, dëkk na
moom ci boppam ba fàww ci Yerusalem.
26 Kon nag soxlaatul Leween ñi di gàddu
xaymab ndaje meek mboolem ndab yi mu
àndal te ñu di ko jëfandikoo ci seen liggéey.»
27 Dogal bi Daawuda mujja jël daal
mooy ñu waññ Leween ñu góor ñi dale ko
ci ñi am ñaar fukki at jëm kaw, bind leen.
28 Ñu nekk nag ci kilifteefu sëti Aaróona
ci liggéeyu kër Aji Sax ji, ca ëtt yaak néeg ya
mu feggool. Ñuy sellal jumtukaay yu sell
ya yépp ba tey, te sasoo yeneen liggéey ca
biir kër Yàlla ga.
29 Ñoo yoroon itam mburu may tege ca
kaw taabal ja, ak sunguf sa ñuy def saraxu
pepp, ak mburu yu ndaw ya dul am
lawiir, ak yeneen nàkk yu ñuy saaf ak yu
ñuy xiiwaale ak diw. Leneen lu ñu doon
toppatoo it, di nattukaayu tibb-sotti ya ak
nattukaayi guddaay ya.
30 Ñu teg ca di teew suba ak ngoon ngir
màggal Aji Sax ji, sant ko.
31 Ñu boole ci di sarxalal Aji Sax ji
mboolem saraxu rendi-dóomal ci bési
Noflaay ak Terutel weer, ak bési màggal;
ñuy liggéeyal Aji Sax ji fàww, na leen yoon
àppalee ay ya ak na ñu ko wara defe.
32 Leween ña nag di sàmm ndénkaaneb
xaymab ndaje ma, ak ndénkaaneb béreb bu
sell ba, ak ndénkaaneb sëti Aaróona ñiy
seeni bokk, ci wàllu liggéeyu kër Aji Sax ji.

# 24

*Daawuda sos na kuréeli sarxalkat yi*

1 Sëti Aaróona dees leena séddale ay
kuréel yu méngook doomi Aaróona yu góor.
Ñuy Nadab ak Abiyu ak Elasar ak Itamar.
2 Nadab ak Abiyu ñoo njëkka dee seen
baay te amuñu doom yu góor. Elasar ak
Itamar nag doon ay sarxalkat.
3 Gannaaw gi, Daawuda ànd ak Cadog
mi askanoo ci Elasar, ak Aximeleg mi
askanoo ci Itamar, daldi séddale askanu
Aaróona ay kuréel, kuréel gu ci nekk ak
wàllam ci liggéey bi.
4 Ñu gis nag sëti Elasar gëna bare ay
kilifa sëti Itamar. Loolu tax ñu séddale
leen, sëti Elasar yu góor di fukki kilifaak
juróom benn jiite seen këri baay, sëti
Itamar yu góor di juróom ñetti kilifa yu
jiite seen këri baay.
5 Na ñu séddalee ñenn ñi rekk lañu
séddalee ña ca des, ci kaw tegoo bant, ndax
amoon na ci biir sëti Elasar ak ci biir sëti
Itamar ay jawriñ yu farewoo béreb bu sell
bi ak itam ay jawriñ yu sasoo liggéeyu Yàlla
bi.
6 Ci biir loolu Semaya bindkat ba,
doomu Netaneel te bokk ci giirug Lewi,
daldi bind seeni tur fa kanam Buur ak
kilifa ya ak Cadog sarxalkat ba ak
Aximeleg doomu Abyatar ak kilifay waa
kër sarxalkat yaak waa kër Leween ña. Ñu
tegoo nag bant, ngir jël genn kër ci askanu
Elasar, jël genn kër ci askanu Itamar.
7 Ci biir loolu, ka bant ba njëkka yemool
di Yoyarib, ñaareel ba di Yedaya,
8 ñetteel ba di Arim, ñeenteel ba di
Seworim,

9 juróomeel ba di Malkiya, juróom
benneel ba di Miyamin,
10 juróom ñaareel ba di Akocc, juróom
ñetteel ba di Abya,
11 juróom ñeenteel bi di Yesuwa, fukkeel
bi di Sekaña,
12 fukkeel baak benn di Elyasib, fukkeel
baak ñaar di Yakim,
13 fukkeel baak ñett di Upa, fukkeel baak
ñeent di Yesebab,
14 fukkeel baak juróom di Bilga, fukkeel
baak juróom benn di Imer,
15 fukkeel baak juróom ñaar di Esir,
fukkeel baak juróom ñett di Apicecc,
16 fukkeel baak juróom ñeent di Petaxya,
ñaar fukkeel ba di Esekiyel,
17 ñaar fukkeel baak benn Yakin la, ñaar
fukkeel baak ñaar di Gamul,
18 ñaar fukkeel baak ñett Delaya la, ñaar
fukkeel baak ñeent di Maasya.
19 Noonu lañu leen séddalee ay kuréel ci
liggéey bi ci biir kër Aji Sax ji. Ñuy def nag
li ñu leen sas, ni leen ko seen maam
Aaróona digale, te muy la ko Aji Sax ji
Yàllay Israayil santoon.

### *Yeneen sëti Lewi ñii la*

20 Njiiti Leween ñi des ñii la: ci askanu
Amram, Subayel la; ci askanu Subayel,
Yeja la.
21 Ci askanu Rexabya, doomi Rexabya
la, njiit la di Isiya.
22 Ci askanu Iccar, Selomot la, ci askanu
Selomot, Yaxat la.
23 Doomi Ebron yu góor ñoo di Yerya
may taaw, Amarya di ñaareel ba, Yaxasyel
di ñetteel ba; Yekamam di ñeenteel ba.
24 Doomu Usyel ju góor Mise la. Askanu
Mise, Samir bokk na ca.
25 Askanu Isiya mi bokk ak Mise,
Sàkkaryaa ca la.
26 Doomi Merari yu góor, Maxli la ak
Musi ak Yaasya.
27 Askanu Merari gi soqikoo ci Yaasya,
doomam ju góor, Sowam la ak Sakur ak
Ibri.
28 Doomi Maxli yu góor ñoo di Elasar ma
amul doom ju góor,
29 ak Kis mi Yeraxmeel di doomam ju
góor.
30 Doomi Musi yu góor ñoo di Maxli ak
Eder ak Yerimot.
Ñooñu ñooy askanu Leween ñi, topp
seen kër baay.
31 Ñoom itam def ni seeni bokk yi sëtoo ci
Aaróona, tegoo bant liggéey bi fa kanam
Buur Daawuda ak Cadog ak Aximeleg ak
njiiti waa kër sarxalkat yaak Leween ña.
Njiitu kër gu nekk nag bokk yem kepp ak
mbokkam ma ko féete ndaw.

## 25

### *Daawuda tabb na woykat yi*

1 Ba loolu wéyee Daawuda ànd ak njiiti
gàngooru xare ga, daldi ber ñenn ci sëti
Asaf ak Eman ak Yedutun, ñu féetewoo
liggéeyu jottali kàdduy waxyu, boole kook
tëggum xeeti xalam ak tabala. Ña féetewoo
woon boobu liggéey, seen lim a ngi nii:
2 Ci wàllu Asaf, doomi Asaf yu góor la, di
Sakur ak Yuusufa ak Netaña ak Asareela,
seen baay jiite leen, di jottali ay kàdduy
waxyu ci ndigalal Buur.
3 Ci wàllu Yedutun, juróom benni doomi
Yedutun yu góor la, di Gedalya ak Ceri ak
Esayi ak Simey ak Asabya ak Matica; seen
baay jiite leen, di jottali ay kàdduy waxyu,
ànd ak xeetu xalam di sant aka màggal Aji
Sax ji.
4 Ci wàllu Eman, doomi Eman yu góor la,
di Bukiya ak Mataña ak Usyel ak Sebuwel
ak Yerimot ak Anaña ak Anani ak Elyata
ak Gidalti ak Romameti Eser ak Yosbekasa
ak Maloti ak Otir ak Maxasiyot.
5 Góor ñooñu ñépp di doomi Eman
boroom peeñu biy liggéeyal Buur bi doon
jottali Buur kàddug Yàlla ngir màggal Yàlla.
Yàlla may na Eman fukki doom yu góor ak
ñeent ak ñetti doom yu jigéen.
6 Ñooñu ñépp nekk ca seen njiital baay ci
woyi kër Aji Sax ji, boole kook tëggum xeeti
xalam aki tabala, muy seen liggéey ca kër
Yàlla ga. Asaf ak Yedutun ak Eman nag
nekk ci ndigalal Buur.
7 Ñook seeni bokk nag doonoon ñu
mokkal te xareñ ci woy Aji Sax ji, te di
ñaari téeméer ak juróom ñett fukk ak
juróom ñett (288).
8 Ñu tegoo bant liggéey ba, ñoom ñépp,
mag ak ndaw, jàngalekat yaak ndongo ya.

9 Noonu ka bant ba njëkka yemool di
Asaf mu dal ca Yuusufa; ñaareel ba di
Gedalya mook bokkam aki doomam yu
góor, ñuy fukk ak ñaar.
10 Ñetteel ba di Sakur mook doomam yu
góor aki bokkam, ñuy fukk ak ñaar.
11 Ñeenteel ba di Icciri mook doomam yu
góor aki bokkam, ñuy fukk ak ñaar.
12 Juróomeel ba di Netaña mook doomam
yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak ñaar.
13 Juróom benneel ba di Bukiya mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
14 Juróom ñaareel ba di Asareela mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
15 Juróom ñetteel ba di Esayi mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
16 Juróom ñeenteel ba di Mataña mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
17 Fukkeel ba di Simey mook doomam
yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak ñaar.
18 Fukkeel baak benn di Asareel mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
19 Fukkeel baak ñaar di Asabya mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
20 Fukkeel baak ñett di Subayel mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
21 Fukkeel baak ñeent di Matica mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
22 Fukkeel baak juróom di Yeremot
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
23 Fukkeel baak juróom benn di Anaña
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
24 Fukkeel baak juróom ñaar di
Yosbekasa mook doomam yu góor aki
bokkam, ñuy fukk ak ñaar.
25 Fukkeel baak juróom ñett di Anani
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
26 Fukkeel baak juróom ñeent di Maloti
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
27 Ñaar fukkeel ba di Elyata mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
28 Ñaar fukkeel baak benn di Otir mook
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
ñaar.
29 Ñaar fukkeel baak ñaar di Gidalti
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
30 Ñaar fukkeel baak ñett di Maxasiyot
mook doomam yu góor aki bokkam, ñuy
fukk ak ñaar.
31 Ñaar fukkeel baak ñeent di Romameti
Eser mook doomam yu góor aki bokkam,
ñuy fukk ak ñaar.

# 26

*Daawuda tabb na wattukati bunti kër Yàlla ga*

1 Kuréeli wattukati bunt yi, nii lañu ko
séddalee woon: Ci askanu Kore,
Meselemya la, sëtub Kore, bokk ci doomi
Asaf.
2 Ay doomam yu góor di Sàkkaryaa taaw
ba, Yediyel di ñaareel ba, Sebaja di ñetteel,
Yatniyel di ñeenteel,
3 Elam di juróomeel, Yoxanan di juróom
benneel, Elyowenay di juróom ñaareel.
4 Obedd Edom am ay doom yu góor:
taaw ba di Semaya, ñaareel ba di
Yewosabàdd, ñetteel ba di Yowax, ñeenteel
ba di Sakar, juróomeel ba di Netaneel,
5 juróom benneel ba di Amyel, juróom
ñaareel ba di Isaakar, juróom ñetteel ba di
Pewultay. Obedd Edom nag Yàlla da koo
barkeeloon.
6 Taawam Semaya amoon na ay doom
yu góor, di ay kilifa ci seen kër baay ndax
nit ñu tekki lañu woon.
7 Doomi Semaya yu góor ñoo di Otni ak
Refayel ak Obedd ak Elsabat ñook seeni
bokk yu tekki, di Eliyu ak Semakiya.
8 Ñooñu ñépp sëti Obedd Edom lañu,
ñook seen doom yu góor ak seeni bokk; ñuy
nit ñu tekki diy jàmbaar ci liggéey bi, tollu
ci juróom benn fukk ak ñaar ñu ñu waññal
Obedd Edom.
9 Kuréelu Meselemya doomam yu góor a
ca nekk aki bokkam, di fukki nit ak juróom
ñett ñu tekki.
10 Osa mu làngug Merari am na ñeenti
doom yu góor, Simri jiitu ca, baayam def
ko njiit doonte du taaw;

11 Ilkiya di ñaareel ba, Tebalya di ñetteel
ba, Sàkkaryaa di ñeenteel ba. Kuréelu Osa
mboolem doomam yu góor a ca nekk aki
bokkam, di fukki nit ak ñett.
12 Ci mboolem kuréeli wattukati bunt
yooyu, kilifa yaak ña ca des dañu daan def
seen liggéey ci biir kër Aji Sax ji.
13 Dañoo tegoo bant bunt bu nekk, ngir
jox ko waa kër gi koy wattu, mag ñeek
ndaw ñi bokk ci yem.
14 Ka muurloo buntu penku ba nag di
Selemya. Sàkkaryaa, doomam ju góor ja
amoon xel mu ñaw, daldi muurloo bunt ba
féete bëj-gànnaar.
15 Obedd Edom féetewoo buntub
bëj-saalum, ay doomam yu góor féetewoo
këri dencukaay ya.
16 Suppim a nga feggook Osa bokk di
wattu buntub sowu ba ak buntub Saleket
bay ubbikoo ca yoonu yéeg ga.
Kuréeli wattukat yi nii lañu leen sase
woon:
17 Amoon na juróom benni Leween yu
aye wetu penku bés bu nekk, ak ñeenti
Leween wetu bëj-gànnaar bés bu nekk, ak
ñeent ca bëj-saalum bés bu nekk, ak ñaar
ñuy awanteek ñaar ca dencukaay ya.
18 Ñeent a nekkoon ca mbedd ma, ngir
ëtt ba ca sowu; ñaar nekk ca ëtt ba.
19 Looloo doon kuréeli wattukati bunt
ya bokkoon ca askanu Kore ak Merari.

### *Daawuda tabb na saytukati alal yi*

20 Yeneen Leween, ñu mel ni Axya lañu
dénkoon alali kër Yàlla ga ak alal yu sell ya.
21 Sëti Ladan mu làngu Gerson, diy kilifa
ci seeni waa kër, doomam Yexyelee ci
bokkoon.
22 Doomi Yexyeli yu góor ñooy Setam ak
Yowel. Mbokku Yexyeli di wattu alali kër
Aji Sax ji.
23 Ci wàllu làngi Amram ak làngu Iccar ak
làngu Ebron ak làngu Usyel:
24 Sebuwel, ma askanoo ca Gersom,
doomu Musaa ju góor, moo doon jawriñ ja
ñu dénk alal ya.
25 Bokkam yi soqikoo ci Elyeser nii lañu
toppantee: Rexabya ak Esayi ak Yoram ak
Sikkri ak Selomit.
26 Selomit mooki bokkam lañu dénkoon
mboolem alal yu sell ya, te ña ko sellalal
Aji Sax ji, di Buur Daawuda ak kilifay kër
ña jiite woon kuréeli junniy nit ak ña jiite
woon kuréeli téeméer ya ak yeneen njiiti
mboolooy xare ya.
27 Ñooñu dañoo jëloon ca la ñu lële ca ay
xare, jagleel ko liggéeyu kër Aji Sax ja ñuy
defaraat.
28 Mboolem lu ñu sellal te ña ko sellalal
Aji Sax ji, di Samiyel boroom gis ba, ak
Sawul doomu Kis, ak Abner doomu Ner,
ak Yowab doomu Ceruya, ak yeneen yu ñu
sellal yépp, dañu ko tegoon ca loxol
Selomit mooki bokkam.

### *Daawuda tabb na yeneen jawriñam*

29 Ñi bokk ci làngu Iccar, di Kenaña aki
doomam yu góor, ñoo gàddu woon mbiri
biir dëkk ba ca Israayil, yore saytu ba ak
àtte ba.
30 Ñi bokk ci làngu Ebron, di Asabya aki
bokkam, di junniy nit ak juróom ñaari
téeméer (1 700) ñu tekki, ñoo yilifoon wetu
Israayil gi féete dexu Yurdan sowu ci
mboolem lu jëm ci liggéeyu Aji Sax ji ak
liggéeyu buur.
31 Ci wàllu làngu Ebron, Yerya moo doon
kilifa ga. Ca ñeent fukkeelu atu nguurug
Daawuda, seet nañu ba gis ca seen biir, ca
Yaser ga ca diiwaanu Galàdd, ay nit ñu
tekki ñu bokk ca ñoom.
32 Yerya amoon na ñaari junniy bokkam
ak juróom ñaari téeméer (2 700), ñuy nit ñu
tekki, jiite seeni kër baay. Buur Daawuda
dénk leen saytub waa giirug Ruben ak
giiru Gàdd ak genn-wàllu giirug Manase ci
mboolem lu jëm ci mbiri Yàlla ak mbiri
Buur.

## 27

### *Daawuda tabb na njiiti xareem*

1 Nii lañu lime bànni Israayil yi nekkoon
ay kilifa ci seen kër baay, doon njiiti
kuréeli junni ak kuréeli téeméeri nit, te
nekkoon saytukat yi doon jàppale Buur ci
lu jëm ci kuréelu xarekat yi aye ci liggéey bi
weer wu nekk. Kuréel gu nekk ñaar fukki
junniy nit ak ñeent (24 000) a ca nekkoon.
2 Ka jiite woon kuréel gu njëkk ga ca
weer wu njëkk wa, Yasobam la, doomu
Sabdiyel. Kuréelam ñaar fukki junniy nit
ak ñeent (24 000) la woon.

3 Mu ngi askanoo ci Peres, di kilifag
mboolem jawriñi gàngoori xare ya ca weer
wu njëkk wa.
4 Ka jiite woon kuréelu ñaareelu weer wa,
Doday la, te mu askanoo ci Axowa; Miglot
topp ci moom, jiite kuréelam. Kuréel ga
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.
5 Kilifag ñetteelu mbooloo ma ca ñetteelu
weer wa, Benaya la woon, doomu Yoyada,
sarxalkat bu mag ba. Kuréelam ñaar fukki
junniy nit ak ñeent (24 000) la woon.
6 Benaya moomoo doon jàmbaari xare ja
bokkoon ca Fanweeri jàmbaar ya, jiite
leen. Amisabat, doomam ju góor bokk ca
kuréel ga.
7 Ñeenteelu kilifa ga ca ñeenteelu weer
wa, Asayel la, mbokkum Yowab; Sebaja,
doomam ju góor moo ko wuutu. Kuréelam
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.
8 Juróomeelu kilifa ga ca juróomeelu weer
wa, Samut la, bokk ci làngu Israx.
Kuréelam ñaar fukki junniy nit ak ñeent
(24 000) la woon.
9 Juróom benneelu kilifa ga ca juróom
benneelu weer wa, Ira la woon, doomu
Ikes mu Tekowa. Kuréelam ñaar fukki
junniy nit ak ñeent (24 000) la woon.
10 Juróom ñaareelu kilifa ga ca juróom
ñaareelu weer wa, Elecc la woon, mu
Palon, bokk ca giirug Efrayim. Kuréelam
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.
11 Juróom ñetteelu kilifa ga ca juróom
ñetteelu weer wa, Sibekay la woon, mu
Usa, bokk ca làngu Sera. Kuréelam ñaar
fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la woon.
12 Juróom ñeenteelu kilifa ga ca juróom
ñeenteelu weer wa, Abiyeser la woon, mu
Anatot, bokk ca giirug Beñamin. Kuréelam
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.
13 Fukkeelu kilifa ga ca fukkeelu weer
wa, Maaray la woon, mu Netofa, bokk ca
làngu Sera. Kuréelam ñaar fukki junniy nit
ak ñeent (24 000) la woon.
14 Fukkeelu kilifa gaak benn ca fukkeelu
weer waak benn, Benaya la woon, mu
Piraton, bokk ca giirug Efrayim. Kuréelam
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.
15 Fukkeelu kilifa gaak ñaar ca fukkeelu
weer waak ñaar, Elday la woon, mu
Netofa, bokk ca làngug Otniyel. Kuréelam
ñaar fukki junniy nit ak ñeent (24 000) la
woon.

### *Kilifay giiri Israayil ñii la*

16 Kilifay giiri Israayil nag ñii la:
Giirug Ruben, kilifa ga Elyeser la, doomu Sikkri.
Kilifag giirug Simeyon Sefatiya la, doomu Maaka.
17 Kilifag giirug Lewi Asabya la, doomu Kemwel.
Kilifag waa kër Aaróona, Cadog la.
18 Kilifag giirug Yuda Eliyu la, mbokkum Daawuda.
Kilifag giirug Isaakar Omri la, doomu Mikayel.
19 Kilifag giirug Sabulon Ismaya la, doomu Abdiyas.
Kilifag giirug Neftali di Yerimot doomu Asriyel.
20 Kilifag giirug Efrayim Ose la, doomu Asasya.
Kilifag genn-wàllu giirug Manase ga ca sowub dexu Yurdan, Yowel la, doomu Pedaya.
21 Kilifag genn-wàllu giirug Manase ga ca penkub dexu Yurdan, ca Galàdd, Ido la, doomu Sàkkaryaa.
Kilifag giirug Beñamin, Yaasyel la, doomu Abner.
22 Kilifag giirug Dan, Asareel la, doomu Yeroxam.
Ñooñu ñoo doon kilifay giirug Israayil.
23 Daawuda nag boolewu ci limu nit ñi
am ñaar fukki at ak lu ko yées ndax Aji Sax
ji dige woon na ne dina giiral Israayil ba
ñu tollook biddiiwi asamaan.
24 Yowab doomu Ceruya tàmbali woon
na leen lim sax, waaye sottalul, ndax loolu
taxoon na sànjum Yàlla wàcc ci kaw
Israayil. Moo tax lim ba bokkul ca limeefu
téere bi ñu dippee Jaloorey Buur Daawuda
cay jantam.

### *Saytukati alal yi ñii la*

25 Ci biir loolu, ka ñu dénkoon këri
dencukaay Buur, Asmawet la, doomu
Adiyel.

Ka ñu dénkoon dencukaayi tool yi ci dëkk
yu ndaw yeek yi ci dëkk-dëkkaan yeek tata
yi, Yonatan la, doomu Osiyas.
26 Ka jiite woon surga yay liggéey ca tool
ya, di bey, Esri la, doomu Kelub.
27 Ka ñu dénkoon tóokëri reseñ ya, Simey
mu Raama la.
Ka ñu dénkoon mbàndi biiñ ba ñu nale ca
reseñ ya, di Sabdi mu Sefam.
28 Ka ñu dénkoon garabi oliw yaak garabi
sikomoor ya ca suufu tund ya, mooy Baal
Anan mu Bet Geder.
Ka ñu dénkoon denci diwu oliw ya di
Yowas.
29 Ka ñu dénkoon nag ya ca parlu ya ca
jooru Saron, mooy Sittray mu Saron.
Ka ñu dénkoon nag ya ca xur ya, di Safat
doomu Adlay.
30 Ka ñu dénkoon giléem ya, Obil la, bokk
ca giirug Ismayla.
Ka ñu dénkoon mbaam ya, di Yeja mu
Meronot.
31 Ka ñu dénkoon gàtt ya, Yasis la, bokk ci
giirug Agar.
Ñooñu ñépp diy jawriñ yu ñu dénk alalu
Buur Daawuda.

### *Yeneen jawriñ a ngi nii*

32 Yonatan, baay bu ndawu Daawuda, di
ku rafet xel te am njàng, moo doon xelal
Buur Daawuda. Yexyel doomu Agmoni
yore njàngu doomi Buur.
33 Axitofel it doon na xelal Buur; Usay
Arkeen ba di ab xejjam.
34 Ña wuutu Axitofel, Yoyada la, doomu
Benaya, ak Abyatar. Njiital gàngoori xarey
Buur di Yowab.

# 28

### *Daawuda dénku na askan wi*

1 Ba loolu amee Daawuda woolu ca
Yerusalem kilifay Israayil yépp, di kilifay
giir yaak kilifay kuréel ya ca liggéeyu buur
ak kilifay kuréeli junni yaak kilifay kuréeli
téeméeri nit ya ak ña ñu dénk alali buur
yépp ak juri Buur ak juri doomam yu góor,
ak jawriñi kër buur yaak jàmbaari xare
ñaak mboolem ñeyi xare ya.
2 Daawuda taxaw, ne leen: «Yeen bokk
yiy sama ñoñ, dégluleen ma: Damaa
nammoon ci sama xol ne dinaa tabaxal
gaalu kóllërey Aji Sax ji kërug
noppalukaay, muy sunu ndëggastalu Yàlla,
te doon naa ko waaja tabax.
3 Waaye Yàlla ne ma: “Du yaw yaa may
tabaxal kër gu ñuy may tudde, ndax nitu
xare nga te tuur nga deret ju bare.”
4 Terewul Aji Sax ji Yàllay Israayil tànn
ma ci sama mboolem kër baay, may
buurub Israayil ba fàww. Soob na ko moos
mu jiital giirug Yuda, tànne ca kër Yuda saa
kër baay, te góor ñi sama baay jur it man la
ci tànn, fal ma, may buurub Israayil gépp.
5 Ci biir loolu, sama doom yu góor yépp,
te Yàlla may na ma doom yu góor yu bare,
sama doom Suleymaan la ci tànn, teg ko ci
jalu nguuru Aji Sax ji, ci kaw Israayil.
6 Mu ne ma: “Sa doom Suleymaan mooy
tabax sama kër ak samay ëtt, ndax maa ko
tànnal sama bopp, mu mel ni sama doom,
ma mel ni baayam.
7 Maay saxal nguuram ba fàww, ndegam
sax na, ni bésu tey jii ci jëfe samay
santaane ak sama dogali yoon.”
8 Kon nag dénk naa leen, Israayil, ñoñi
Aji Sax ji, yeen ñépp di gis, sunu Yàlla di
dégg. Sàmmleen mboolem seen santaaney
Yàlla Aji Sax ji, te topp ci, su ko defee réew
mu baax mi des ci seeni loxo, ngeen
donale ko seeni sët yi leen fiy wuutu ba
fàww.

### *Daawuda dénku na Suleymaan*

9 «Yaw Suleymaan, doom, nanga wuta
xam bu baax Yàlla ji ma gëm, man sa baay,
te jaamoo ko xol bu ko wéetal ak xel mu ko
déggal. Ndax biir xolu ku nekk Aji Sax ji da
koy xool, te mboolem lu nit namm, di ko
mébét xam na ko. Soo ko toppee, dina la
ubbil boppam. Waaye soo ko dëddoo, dina
la xarab ba fàww.
10 Xoolal rekk ni Aji Sax ji tànne, nga
tabaxal ko kër, muy béreb bu sell. Dëgërlul
nag te taxaw ci.»
11 Ba mu ko defee Daawuda jox
doomam Suleymaan misaalu mbaaru
buntu jaamookaay bi ak tabax ya ca bokk
ak néegi dencukaay yaak néegi kaw yaak
néegi biir ya ak néeg bay def kubeeru
njotlaay gi ci kaw gaal gi.
12 Mu jox ko itam misaalu mboolem lu
ko leerug Yàlla xiiroon, ngir mu tabax ko,
muy ëtti kër Aji Sax ji ak mboolem tabax

ya koy wër, ak dencukaayi kër Aji Sax ji ak
dencukaayi jumtukaay yu sell ya.
13 Ci kaw loolu mu limal ko kuréeli
sarxalkat yaak Leween ñaak mboolem sas
yi bokk ci liggéeyu kër Aji Sax ji, ak itam
mboolem jumtukaay ya ñuy liggéeye ci kër
Aji Sax ji.
14 Won na ko it diisaay ba war ca lépp
luy wurus ak lu ñu koy liggéeye, ak diisaay
ba war ca lépp luy xaalis ak lu ñu koy
liggéeye.
15 Wax na ko itam diisaayu tegukaayi
làmpi wurus ya ak seen làmpi wurus, làmp
bu ci nekk ak diisaayam; tegukaayi làmpi
xaalis ya it ak diisaay ba ca war, ak seeni
làmp, bu ci nekk ak na ñu koy jëfandikoo.
16 Won na ko ba tey diisaayu wurus wa
ñuy defare taabal ya ñuy teg mburu yu sell
ma ca kanam Aji Sax ji, ak diisaayu xaalis
ba ñuy defare taabali xaalis ya.
17 Jox na ko itam misaalu seppikaayi
yàpp yiy am bëñ, ak ndab yi ñuy tuuroo, ak
njaq ya, ak diisaayu wurus wa ñuy defare
ndabal wurus wu nekk, ak diisaayu xaalis
ba ñuy defare ndabal xaalis bu nekk,
18 ak diisaayu wurus wu raxul wa ñuy
defare sarxalukaayu cuuraay ba, joxati ko
misaalu watiir wa, te mooy jëmmi serub
yu wurus yay tàllal seeni laaf, yiire ko
gaalu kóllërey Aji Sax ji.
19 Daawuda nag ne: «Loolu yépp bindees
na ko, Aji Sax ji moo ma teg loxo, leeralal
ma mboolem li ñu faramfàcce ci misaal
mi.»
20 Daawuda dellu ne doomam
Suleymaan: «Dëgërlul nag te am fit te
liggéey. Bul tiit, bul yoqi, ndax Aji Sax ji
Yàlla miy sama Yàlla mu ngi ànd ak yaw.
Du la wor, du la wacc, ba keroog njeextel
mboolem lu ñuy def ci liggéeyu kër Aji Sax
ji.
21 Te kat kuréeli sarxalkat yeek Leween
ñaa ngi taxaw ngir lépp lu ñuy liggéey ci kër
Yàlla gi, ak mboolem ku ko xolam nangu te
mu xareñ ci bépp xeetu liggéey. Jawriñ
ñeek askan wépp it dinañu la déggal ci lépp
loo santaane.»

## 29

### *Askan wi jàpp nañu ci liggéey bi*

1 Ba loolu amee Buur Daawuda wax
mbooloo ma mépp ne leen: «Sama doom
Suleymaan mi Yàlla tànn moom doŋŋ, da
di ndaw te néew doole. Liggéey bi nag réy
na, ndax du nit a moom tabax bi, waaye
Aji Sax ji Yàlla moo ko moom.
2 Sama doole yépp def naa ko ci sama
tabaxu kër Yàlla gi. Muy wurus wu jëm ci
lu ñuy liggéeye wurus, ak xaalis bu jëm ci
lu ñuy liggéeye xaalis, ak xànjar bu jëm ci lu
ñuy liggéeye xànjar, ak weñ gu ñuul gu jëm
ci lu ñuy liggéeye weñ gu ñuul, ak bant bu
jëm ci lu ñuy liggéeye bant, ak peri onigsë
ak yeneen xeer yuy rafetal ak per yu ñuul
ak peri yeneen melo, di mboolem xeeti
per yu jafe ak doji màrb yu bare.
3 Gannaaw loolu pastéef gi ma am ci
sama kër Yàlla gi, tax na def naa sama alali
bopp, muy wurus ak xaalis ci sama tabaxu
kër Yàlla, mu dolliku ci kaw mboolem lu
ma joxe woon ci kër gu sell gii.
4 Junniy (1 000) barigoy wurusu Ofir la,
ak ñaari junneek ñeenti téeméeri (2 400)
barigoy xaalis bu ñuy lale miiri kër Yàlla gi.
5 Wurus woowu ak xaalis boobu jëm ci
lépp lu ñuy defare wurus mbaa xaalis ak
mboolem lu liggéeykat yiy wara def. Léegi
nag, ana ku ci yéenee def loxoom, sédd ko
Aji Sax ji, bésub tey?»
6 Ñu daldi joxe ci xol bu tàlli, muy kilifa
ya jiite seen këri baay ak kilifay giiri
Israayil ak njiiti junni yaak njiiti téeméer
yaak jawriñ ya jiite liggéeyu Buur.
7 Def nañu ca liggéeyu kër Yàlla ga
junneek juróom ñaari téeméeri (1 700)
barigoy wurus, ak fukki junniy (10 000)
poseti wurus, ak lu ëpp ñetti junniy ak
ñeenti téeméeri (3 400) barigoy xaalis, ak lu
ëpp juróom benni junniy (6 000) barigoy
xànjar, ak lu ëpp fanweeri junniy ak ñeenti
téeméeri (34 000) barigoy weñ gu ñuul.
8 Ci biir loolu ñi dencoon ay per yu jafe
teg ko ci loxol Yexyel ma bokk ca làngu
Gerson, mu jëm ci alali kër Aji Sax ji.
9 Mbooloo ma bég ca yéene ja ñu am, ba
joxeel Aji Sax ji ci xol bu tàlli bu ko wéetal.
Buur Daawuda itam am ca mbégte mu réy.

### *Daawuda sant na*

10 Ba mu ko defee Daawuda sant Aji Sax
ji, fa kanam mbooloo ma mépp, daldi ne:

«Cant ñeel na la ba fàww, yaw Aji Sax ji,
yaw, sunu Yàllay maam Israayil.
11 Yaw, Aji Sax ji, yaa yelloo màggaay ak doole,
teraanga ak ndam ak daraja;
Aji Sax ji, mboolem li ci asamaan ak suuf
yaay boroom.
Yaay boroom nguur gi,
di Buur bu kawe, sut lépp.
12 Alal ak daraja yaa koy joxe,
te yaa tiim lépp.
Dooleek kàttan ci say loxo.
Yaay yékkati ku la soob, dooleel ko.
13 Kon sunu Yàlla, nu ngi lay sant,
di màggal sa tur wu tedd.
14 Ana lu nu tekki, maak sama ñoñ,
ba nu man laa jox saraxi yéene yii?
Ci yaw la lépp jóge, te say loxo
lanu jële, jox la.
15 Ay doxandéem lanu fi yaw,
diy gan ni sunuy maam yépp.
Sunu fani kaw suuf, takkndeer buy wéy la,
yaakaar amu ci.
16 Yaw Aji Sax ji, sunu Yàlla,
alal jii nu dajale, mu ne gàññ,
di ko tabaxe kër gu ñuy tudde sa tur wu sell,
Ci say loxo la jóge, lépp yaay boroom.
17 Sama Yàlla, xam naa ne kuy natt xolub jaam nga
te sopp njubte. Ci yéeney njub it laa joxee lii lépp.
Ma gisati, tey bég ci sa mbooloo mii
di la jox seen saraxi yéene.
18 Éy Aji Sax ji, Yàllay Ibraaymaak Isaaxaak Israayil, sunuy maam,
saxalal ci sa mbooloo seen yéeney xol ak seen xalaat yii ci yaw;
seeni xol wéy ci wéetal la.
19 Ngalla mayal sama doom Suleymaan xol bu la wéetal,
muy sàmm say santaane ak say ndigal ak say dogal,
di jëfe lépp te tabax kër gi ma waajal.»
20 Ba loolu amee Daawuda wax
mbooloo mépp, ne leen: «Màggalleen seen
Yàlla, Aji Sax ji.» Mbooloo ma mépp màggal
Aji Sax ji, seen Yàllay maam, daldi sëgg,
sujjóotal Aji Sax ji ak Buur Daawuda.

### *Nguuru Suleymaan taxaw na*

21 Ca ëllëg sa ñu defal Aji Sax ji ay sarax,
defal ko ay saraxi rendi-dóomal: reyal
nañu ko junniy yëkk ak junniy kuuy yu
mag ak junniy kuuy yu ndaw; ñu boole ca
saraxi tuuru ya muy àndal ak yeneen
sarax yu bare yu doy bànni Israayil gépp.
22 Ñu daldi lekk, naan fa kanam Aji Sax
ji, nekk ci mbégte mu réy, bésub keroog. Ci
biir loolu ñu biral, muy ñaareel bi yoon ne
Suleymaan doomu Daawuda doon na
buur, ba noppi ñu fal ko fi kanam Aji Sax
ji, mu jiite leen, falaale Cadog muy
sarxalkat.
23 Ba loolu amee Suleymaan toog ci jalu
Aji Sax ji*, di buur, wuutu baayam.
Nguuram nag barkeel, Israayil gépp déggal
ko.
24 Ci kaw loolu jawriñ ñépp nangul
Suleymaan, ñook jàmbaari xare ñaak
mboolem doomi Buur Daawuda yu góor
ya ca des.
25 Aji Sax ji nag yékkati Suleymaan lool,
Israayil gépp di gis; mu jagleel ko darajay
nguur ju benn buurub Israayil masuloona
am.

### *Buur Daawuda saay na*

26 Daawuda doomu Yese, moom,
nekkoon na buurub Israayil gépp.
27 Nguuru na Israayil ñeent fukki at, di
juróom ñaari at yu mu nguuroo Ebron, ak
fanweeri at ak ñett yu mu nguuroo
Yerusalem.
28 Ma nga nelaw gannaaw ba mu
guddee fan ba màggat lool, am alal ak
daraja. Doomam Suleymaan moo falu
buur wuutu ko.
29 Jaar-jaari Buur Daawuda nag, fa mu
tàmbalee ba fa mu yem, mu ngi ñu bind
moos ci téere yi indi jëfi Samiyel, boroom
gis ba, ak téereb Natan yonent ba, ak téereb
Gàdd, boroom peeñu ba.
30 Ñu indaale ca mboolem lu jëm ci
nguuram ak doole ja mu amoon, ak
mboolem lu ko dal moom ci boppam, ak lu
dal Israayil ak mboolem nguuri yeneen
réew ya.

* **29.23** Seetal ci 28.5-6.

# 2.Jaar-jaar ya
## muy ñaareelu téere bi te ëmb jaar-jaari jamono

Ñaareelu téereb *Jaar-jaar ya* moo wéyal nettalib démbi Israayil, bi dooroon ci *1.Jaar-jaar ya.* Téere bii moo indi ni nguurug Suleymaan ame woon daraja, di ci fésal li mu tabax kër Yàlla ga. Téere bi teg ci indi jëfi buuri Yuda yi wuutu Suleymaan, te gën cee biral yitte ji kenn ku nekk amoon ci mbiri askan wi, ci wàllu ngëm.

Meneen mbir mu ñu ci fàttali mooy tasteg Yerusalem, ak ngàllo ga Israayil mujje ca Babilon ga ñu leen toxaloon. Teewul téere bi tëje xew-xewu jàmm, te mooy ba Buur Sirus bu Pers yékkatee ab dogal bu yiwi bànni Israayil, may leen ñu saña ñibbi seenum réew.

Ci tënk:

- 1.1-17 Suleymaan ci ndoortel nguuram.
- 2.1—7.22 Lu jëm ci tabaxub kër Yàlla ga, ñu jagleele ko am xew.
- 8.1-18 Lu jëm ci darajay nguuru Suleymaan.
- 9.1-12 Lingeer buurub Seba gane na Suleymaan.
- 9.13-31 Lu jëm ci darajay Suleymaan ak deewam.
- 10.1—36.23 Lu jëm ci yeneen buuri Yuda yi.

### *Suleymaan ñaan na xel mu rafet*

1 Suleymaan doomu Daawuda mujj na
dëju bu baax ci nguuram, Aji Sax ji Yàllaam
ànd ak moom, kaweel ko lool.
2 Suleymaan nag wax ak Israayil gépp;
njiiti junni yaak njiiti téeméer yaak àttekat
yaak njiiti Israayil gépp, mboolem seen
kilifay kër maam ya.
3 Ci biir loolu Suleymaan ànd ak
mbooloo ma mépp, dem ca bérebu
jaamookaay ba ca Gabawon, sarxali fa,
ndax xaymab ndajem Yàlla ba Musaa
jaamub Aji Sax ji defaroon ca màndiŋ ma,
foofa la nekkoon.
4 Waaye fekk na gaalu Yàlla ga,
Daawuda toxale woon na ko Kiryaat
Yarim, yóbbu ko fa mu ko waajal, muy ab
xayma bu mu ko sampal ca Yerusalem.
5 Sarxalukaayu xànjar ba Beccalel
doomu Uri doomu Ur defar nag,
Daawudaa ko tegoon ca Gabawon, fa
kanam màkkaanu Aji Sax ji, te mooy la fa
Suleymaan ak mbooloo ma doon sàkkusi.
6 Suleymaan dem foofa ca sarxalukaayu
xànjar ba ca kanam Aji Sax ji, ca kanam
xaymab ndaje ma. Mu joxe fa junniy
saraxi rendi-dóomal.
7 Guddig keroog la Yàlla feeñu
Suleymaan. Mu ne ko: «Ñaanal loo bëgg
ma may la ko.»
8 Suleymaan ne Yàlla: «Yaw de yaa baaxe
lool Daawuda saa baay, te yaa ma fal
buur, ma wuutu ko.
9 Léegi nag Aji Sax ji Yàlla, sa kàddu gaak
Daawuda sama baay, yal na sax rekk,
gannaaw yaw yaa ma fal ci kaw askan wu
yaa, tollu ni feppi suufas àddina.
10 Kon nag xel ak xam-xam nga may
may, ba ma xam nu may jiitee askan wii.
Ndax kat, ana kan mooy àtte sa ñoñ, wii
askan wu yaa?»
11 Yàlla ne Suleymaan: «Gannaaw loolu
moo nekk ci sa xol; ñaanoo koom ak alal ak
daraja, ak sa bakkani bañ rot, te fan wu
gudd it, ñaanoo ko, xanaa di ñaan xel ak
xam-xam boo àttee sama ñoñ ñi ma la fal
buur ci seen kaw,
12 xel mi ak xam-xam bi, mayees na la
ko. Koom ak alal ak daraja it maa la ciy
may lu buur yi masula am, du ñi la jiitu,
du ñi topp ci yaw.»
13 Ba loolu amee Suleymaan bàyyikoo ca
xaymab ndaje ma ca jaamookaay ba ca
Gabawon. Mu dem Yerusalem, falu buur
ca Israayil.
14 Ba mu ko defee Suleymaan dajale
watiir yaak fas ya, muy junni ak ñeenti
téeméeri (1 400) watiir, ak fukki junniy fas
ak ñaar (12 000) yu mu teg ca dëkk ya watiir
ya féete, ak ca Yerusalem ga mu nekk.
15 Buur Suleymaan a def xaalis ak
wurus late biir Yerusalem bay safi doj,
garabi seedar di fa saf garabi sikomoor yi
ne xas ci suufu tund yi.
16 Fasi Suleymaan, Misra lañu leen daan
jëggaanee ak Silisi, baana-baanay buur, ca
Silisi lañu leen daan jënde.

17 Ab watiir bu ñu jëggaanee Misra, indi,
juróom benni téeméeri (600) dogi xaalis la
leen daan dikke, aw fas di téeméer ak
juróom fukki (150) dogi xaalis, te noonu
lañu ca daan jëndaaleel mboolem buuri
Etteen ña ak buuri Siri, indil leen.
18 Suleymaan nag dogu ne kër lay tabax
ñeel turu Aji Sax ji, ak geneen kër gu ñeel
nguurug boppam.

# 2

*Suleymaan waaj na tabaxub kër Yàlla*

1 Suleymaan lim na juróom ñaar fukki
junniy (70 000) yenukat, ak juróom ñett
fukki junniy (80 000) yattkati xeer ca tund
ya, ak ñetti junni ak juróom benni téeméeri
(3 600) saskati liggéey, ngir ñu jiite leen.
2 Ci biir loolu Suleymaan yónnee ca Buur
Iram mu réewum Tir, ne ko: «Noonee nga
jëflante woon ak Daawuda sama baay,
yónnee ko banti seedar yu mu tabaxe kër
gu mu dëkke, ngalla jëflante ko ak man.
3 Maa ngi nii di tabax kër ñeel sama turu
Yàlla Aji Sax ji, ngir def ko céram bu sell,
ngir di ko taalal cuuraay, di ko taajal
mburu mu sax dàkk, di ko indil saraxi
rendi-dóomali suba ak yu ngoon ak saraxi
bési Noflaay ak yu Terutel weer ak yeneen
bés yu rafet yu sunu Yàlla Aji Sax ji, ni mu
ware Israayil ba fàww.
4 Kër gi may tabax nag kër gu mag lay
doon, ngir sunu Yàllaa gëna màgg yàlla
yépp.
5 Waaye ana ku am dooley tabaxal ko
kër? Gannaaw asamaan yi, ba ca
asamaani asamaan ya manu koo fat,
maay kan sax ba di ko tabaxal kër, lu moy
ngir taalal ko cuuraay?
6 Léegi nag yónnee ma ku am xareñtey
liggéey wurus ak xaalis ak xànjar ak weñ
gu ñuul ak wëñ gu yolet ak gu xonq curr
ak gu baxa, te nay ku mane xacc, ngir mu
liggéey ak nit ñu xareñ ñi ci sama wet, ci
Yuda ak ci Yerusalem, te Daawuda sama
baay tabboon leen.
7 Yónnee ma itam ay banti seedar ak
sippar ak banti sàntaal yu jóge Libaŋ, ndax
xam naa ne say surga ñoo mokkal nu ñuy
gore garabi Libaŋ. Kon kat na samay
surga ànd ak say surga.
8 Nañu ma waajalal dénk yu takku, ndax
kër gi may tabax gu mag te yéeme lay doon.
9 Say surga, gorkat yiy gor garab yi, maa
leen di jox ñaar fukki junniy (20 000) sëfi
mbaami peppu bele, ak ñaar fukki junniy
(20 000) sëfi mbaami lors, ak ñaari fukki
junniy (20 000) sëfi mbaami biiñ, ak ñaar
fukki junniy (20 000) sëfi mbaam ci diwu
oliw gu ñu segal.»
10 Iram buurub Tir bind Suleymaan
tontam, yónnee ko ko, ne: «Cofeel gu Aji Sax
ji sopp ñoñam moo waral mu fal la ngay
seen buur.»
11 Iram teg ca ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji
Yàllay Israayil, ki may Buur Daawuda
doom ju xelu, amug ràññee akug dégg, mu
nara tabax kër ngir Aji Sax ji, ak kër ngir
nguurug boppam.
12 Kon nag yónnee naa la ku xareñ te
amug dégg, ñu di ko wax Uram Abi.
13 Ndeyam ab Daneen la, baayam di
waa Tir. Man naa liggéey wurus ak xaalis
ak xànjar ak weñ gu ñuul ak doj ak bant ak
wëñ gu yolet ak gu baxa ak gu xonq curr
ak lẽe. Moo mane bépp liggéeyu xacc, te
man naa sottal wépp nasinu liggéey bu ñu
ko sas, mook sa nit ñu xareñ ak nit ñu
xareñ ñu Daawuda sa baay, sama sang ba.
14 Kon nag sang bi, bele beek lors beek
diw geek biiñ bi nga wax, man nga nu koo
yónnee.
15 Nun nooy gore fa Libaŋ, mboolem loo
soxla, te noo la koy yóte ay tagar yuy tëmb
ci géej gi ba Yafa, yaw nga jël yóbbu
Yerusalem.»
16 Suleymaan nag moo limlu mboolem
doxandéem yi ci réewum Israayil, gannaaw
limeef ba leen Daawuda baayam limoon.
Ñu doon téeméeri junneek juróom fukk ak
ñett ak juróom benni téeméer (153 600).
17 Suleymaan def leen juróom ñaar fukki
junniy (70 000) yenukat, ak juróom ñett
fukki junniy (80 000) yattkati doj ca tund
ya, ak ñetti junneek juróom benni téeméeri
(3 600) saskati liggéey yuy liggéeyloo
mbooloo ma.

# 3

*Suleymaan tabax na kër Yàlla*

1 Suleymaan daldi tàmbalee tabax kër Aji
Sax ji ca kaw tundu Morya, fa Aji Sax ji
feeñu woon Daawuda baayam, ca béreb ba
Daawuda waajaloon ca dàggay Ornan
Yebuseen ba*.
2 Ñeenteelu atu nguuram, ñaari fani
ñaareelu weer wa, ca la tàmbalee tabax.
3 Lii moo di dayoy fondmaa ba
Suleymaan dëj tabaxub kër Yàlla ga:
guddaay ba, ca nattin wu njëkk wa, juróom
benn fukki xasab la, yaatuwaay ba di ñaar
fukki xasab.
4 Mbaar ma ca kanam, yaatuwaayu kër
ga la tollool, di ñaar fukki xasab,
taxawaayam di téeméeri xasab ak ñaar
fukk. Mu xoob biir néegu mbaar ma
wurusu ngalam.
5 Néeg bu mag ba ca biir, da caa taf banti
sippar yu mu xoobe wurusu ngalam, daldi
teg ca kaw ay nataali garabi tàndarma aki
càllala.
6 Ci kaw loolu mu tafati ca néeg ba ay
doji tànnéef yu gànjare, ngir rafetale ko ko,
te wurus wa di wurus wu jóge Parwayim.
7 Kër gépp la xoobe wurus: xànq yeek
dëxi bunt yeek miir yeek bunt yi; kaw miir
yi, ñu yatt ci ay nataali malaakay serub.
8 Mu defar itam néeg bu sella sell bi,
guddaay bi tollook yaatuwaayu kër gi, di
ñaar fukki xasab, yaatuwaay bi it di ñaar
fukki xasab, mu xoobe ko lu tollook ñaari
téeméeri (200) barigoy wurusu tànnéef.
9 Ponti wurus ya ca daaje, lu jege juróom
benni téeméeri (600) garaam la; te néegi
kaw ya itam wurus la ko xoobe, te kaw
néeg ba itam wurus la ko xoobe.
10 Biir néeg bu sella sell ba, ñaari jëmmi
serub yu ñu xelli la ca def, xoob leen
wurus.
11 Laafi serub ya, cat ba cat ñaar fukki
xasab la; wii laafu wenn serub gudde
juróomi xasab, cat la laaleek benn miiru
néeg ba, weneen laaf wa gudde juróomi
xasab, cat la laaleek wenn laafu beneen
serub ba.
12 Wenn laafu beneen serub ba it gudde
juróomi xasab, cat la laaleek beneen miiru
néeg ba, weneen laaf wa gudde juróomi
xasab, cat la laaleek weneen laafu
moroom ma.
13 Laafi serub yaa nga tàllalu, di ñaar
fukki xasab, cat ba cat, serub ya taxaw,
seen kanam jublook néeg bu mag ba.
14 Mu sàkke rido bi wëñ gu baxa te laal
xewar, ak gu xewar ak gu xonq curr ak gu
lëe, ba noppi teg ca ay nataali serub.
15 Ca kanam kër ga, ñaari kenu la fa def,
seen taxawaay di fanweeri xasab ak
juróom, boppu kenu gu ci nekk am
taxawaayu juróomi xasab.
16 Mu sàkk nag ay càllala, wékk ca kaw
kenu ya, ba noppi sàkk téeméeri gërënaat,
langal ca càllala ya.
17 Ca kanam kër Yàlla ga la samp kenu
ya, wenn wetu ndijoor, wenn wetu
càmmoñ, wi ci ndijoor, mu tudde ko Yakin
(muy firi Kiy taxawal), wi ci càmmoñ, mu
tudde ko Bowas (muy firi Kiy dooleel).

# 4

1 Suleymaan sàkk na itam ab
sarxalukaayu xànjar bu gudde ñaar fukki
xasab, yaatoo ñaar fukki xasab,
taxawaayam di fukki xasab.
2 Ci biir loolu mu móollu mbalkam njàpp
mu weñ, ñu di ko wax Géej ga. Mbalka ma
daa mërgalu; yaatoo fukki xasab catu omb,
ba catu omb; taxawaay ba di juróomi
xasab, ag buumu fanweeri xasab di ko ub.
3 Ay jëmmi nag a nga ca suufu mbalka
ma, wër ko ba mu daj, fukki nag tollook
xasab. Nag yi def ñaari làng yu wër mbalka
mi ba mu daj te ànd ak mbalka mi ci benn
xelli.
4 Mbalkam njàpp mi, ci kaw fukki jëmmi
nag ak ñaar la tege, ñett jublu bëj-gànnaar,
ñett jublu sowu, ñett jublu bëj-saalum, ñett
jublu penku. Mbalka mi war nag yi, seeni
gannaaw féete biir, ñoom ñépp.
5 Dëllaayu mbalka mi yaatuwaayu loxo
la, kéméj gi mel ni gémmiñu kaas, di nirook
lëppu tóor-tóor. Ñetti téeméeri barigo ak
fanweer (330) la mbalka miy def.
6 Ci biir loolu Suleymaan sàkk fukki
ndabi raxasu, teg juróom wetu ndijoor,
juróom wetu càmmoñ, ñu di ca raxas yàppu
saraxu rendi-dóomal, mbalka ma nag,
sarxalkat ya di ca jàppe.

* **3.1 *dàggay Ornan:*** seetal ci *1.Jaar-jaar ya* 21.15.

### *Suleymaan defarlu na jumtukaayi kër Yàlla ga*

7 Mu sàkk fukki tegukaayi làmpi wurus yi, ni ñu ko diglee, teg tegukaay yi ci biir néeg bu mag bu kër Yàlla ga, juróom ci wetu ndijoor; juróom, wetu càmmoñ.

8 Mu sàkk itam fukki taabal, yeb leen ca biir néeg bu mag ba, juróom, wetu ndijoor; juróom, wetu càmmoñ; ak téeméeri këlli tuurukaayi deret yu wurus.

9 Mu sàkk ba tey ëttu sarxalkat yi, ak ëtt bu mag bi, sàkkal ëtt bu mag bi lafi bunt, daldi xoob lafi bunt yi xànjar.

10 Mbalka mi nag, mu tege ko wetu ndijoor, fa féete bëj-saalum, jàpp penku.

11 Uram sàkk itam ndabi tibbukaayu dóom ak ñiitukaay yi ak këll yi. Ci kaw loolu Uram sottal liggéey ba mu liggéeyal Buur Suleymaan ca kër Yàlla ga:

12 muy ñaari kenu yi, ak ñaari gamb yiy boppi kenu yi, te tege ca seen kaw, ak ñaari caaxi càllala yiy muur ñaari gamb yi,

13 ak ñeenti téeméeri gërënaat yiy ànd ak ñaari caax yi; caax bu nekk, ñaari caqi gërënaat, ñu dar ñaari gamb yi ci boppi kenu yi;

14 ak fukki rootukaay yi ak fukki bagaan yi ci kaw rootukaay yi.

15 Menn mbalkam njàpp mi ñuy wax Géej gi it ci la, ak fukki nag ak ñaar yi ci ronam.

16 Ndabi tibbukaayu dóom ak ñiitukaay yi, ak cappukaayi yàpp yi, ak mboolem jumtukaay ya cay ànd, xànjar bu ñu jonj la ko Uram Abi defal Buur Suleymaan, ñeel kër Aji Sax ji.

17 Ci joorug Yurdan la ko Buur xellilu, ci móoli ban yu ñu gas, ci diggante Sukkót ak Cereda*.

18 Suleymaan moo sàkk jumtukaay yooyu yépp, mu bare lool, ba natteesul diisaayu xànjar ba ca dem.

19 Gannaaw loolu Suleymaan defarlu na mboolem yeneen jumtukaayi kër Yàlla ga: muy sarxalukaayu wurus ba, ak taabal ya ñuy teg mburum teewal ma,

20 ak tegukaayi làmp ya ak seeni làmp, lépp di wurusu ngalam, làmp yiy tàkk, na ko àtteb yoon tërale, fa kanam néeg bu sella sell bi;

21 tóor-tóor yi it ak làmp yi ak ñiim yi, lépp di wurus, wurus wu set wecc.

22 Feyukaay yi itam ak këll yi ak kopp yi ak andi cuuraay yi, lépp wurusu ngalam la. Te bunti kër Yàlla ca la, muy: buntu néeg bi ñuy jaare dugg ci néeg bu sella sell bi, ak ay lafam ak lafi buntu néeg bi ñuy jaare dugg ci néeg bu mag bi, lépp wurus la.

## 5

1 Ba loolu amee, mboolem lu Suleymaan liggéeyal kër Aji Sax ji daldi sotti. Mu boole xaalis baak wurus waak mboolem jumtukaay ya Daawuda baayam sellalaloon Aji Sax ji, yeb ko ca denc ya def alali kër Yàlla ga.

### *Suleymaan sancal na gaalu Yàlla*

2 Ba mu ko defee Suleymaan woolu magi Israayil. Mboolem kilifay giiri Israayil ak seen njiiti kër maam ya daje Yerusalem, ngir ñu àgg Siyoŋ, gox ba ñu naan Kër Daawuda, ba yékkatee fa gaal ga kóllërey Aji Sax ji dence.

3 Waa Israayil gépp nag daje fa Buur, ca màggalug juróom ñaareelu weer wa, di màggalu Mbaar ya.

4 Ba magi Israayil ñépp dikkee, Leween ñaa yékkati gaal ga.

5 Ñoo yékkati gaal ga, ak xaymab ndaje ma, ak mboolem jumtukaay yu sell ya ca biir xayma ba, sarxalkat yay Leween daldi gàddu lépp.

6 Buur Suleymaan ak mbooloom Israayil ma daje fa moom, ñoom ñépp a teew. Ñu jàkkaarlook gaal ga, di rendi ay gàtt aki nag yu kenn manula lim mbaa di ko waññ, ndax bare.

7 Gannaaw loolu sarxalkat ya yóbbu gaalu Aji Sax ja ca bérebam, ca biir néeg bu sella sell ba, ca ron laafi malaakay serub ya.

8 Jëmmi serub yaa nga tàllal seeni laaf, tiim bérebu gaal ga, laaf ya yiir kaw gaal ga aki njàppoom.

9 Njàppu ya daa guddoon, ba ku tollu ca néeg bu sell ba, ca kanam néeg bu sella sell

* **4.17 *Cereda*** ak Cartan, benn gox bi la.

ba, di mana séen la cat ya sute guddaayu
gaal ga. Waaye maneesula tollu ca biti di
séen cat ya. Njàppu yaa nga fa ba tey jii.
10 Dara nekkuloon ca biir gaal ga nag, lu
moy ñaari àlluwa ya ca Musaa yeboon ca
tundu Xoreb*, fa Aji Sax ji fase woon
kóllëre ak bànni Israayil, ba ñu génnee
Misra.
11 Ci kaw loolu sarxalkat ya génne ca
néeg bu sell ba. Fekk na sarxalkat yépp
sangu-set, ak kuréel gu ñu mana bokk.
12 Mboolem woykati Leween ña nag,
ñoom Asaf ak ñoom Eman ak ñoom
Yedutun, ñook seen doom yu góor ak seeni
bokk, ñépp soloo mbubbi lẽe ba jekk, yor
tabala aki xalam aki riiti. Ña nga taxaw ca
penkub sarxalukaay ba, ñook téeméeri
sarxalkat ak ñaar fukk ñuy wal ay liit.
13 Liitkat yaak woykat ya àndandoo def
benn baat, di sàbbaal aka sant Aji Sax ji.
Seen baat lañu jolleendoo, ànd ak liit yaak
tabala yaak yeneen jumtukaayi xumbéen
ya, di sàbbaal naan: «Kee baax, kee saxoo
ngoram ba fàww.» Ci kaw loolu kër ga, kër
Aji Sax ji jekki feese aw niir,
14 ba sarxalkat ya manatuñoo taxaw
ngir def seen liggéey ndax niir wa. Booba
leeru Aji Sax jaa fees kër Yàlla ga.

# 6

1 Ba mu ko defee Suleymaan ne: «Aji Sax
ji moo noon lëndëm gu fatt lay màkkaanoo.
2 Man nag tabaxal naa la kër gu màgg,
màkkaan mooy dëkke ba fàww.»
3 Ci kaw loolu Buur Suleymaan
walbatiku, ñaanal mbooloom Israayil
mépp, fekk mbooloom Israayil mépp a nga
taxaw.
4 Mu ne: «Cant ñeel na Aji Sax ji Yàllay
Israayil, moom mi sottale loxoy boppam,
la mu waxoon Daawuda sama baay ci
gémmiñam, ne ko:
5 "La dale bés ba ma génnee bànni
Israayil, sama ñoñ, ca réewum Misra ba
tey, tànnuma benn dëkk, ci mboolem giiri
Israayil, bu ñuy tabax kër gu sama tur di
nekk. Te it tànnuma kenn ngir mu jiite
Israayil sama ñoñ.
6 Waaye Yerusalem laa tànn, ngir nekkal
fa sama tur, Daawuda it laa tànn ngir fal
ko ci kaw Israayil."
7 La doon yéeney Daawuda sama baay
nag moo doon tabax kër gu mu tudde Aji
Sax ji Yàllay Israayil.
8 Teewul Aji Sax ji wax Daawuda sama
baay, ne ko: "Gannaaw yaa fasoon ci sa
xol yéeney tabax kër, tudde ma ko, def nga
lu rafet, ngir sa yéeney xol la woon.
9 Waaye du yaw yaay tabax kër gi; sa
doom ju góor ju soqikoo ci sa geño, moom
mooy tabax kër gi, tudde ma ko."
10 Aji Sax ji moo sottal waxam ja mu
waxoon. Maa wuutu Daawuda sama
baay, ba toog ci jalub Israayil, noonee ko
Aji Sax ji waxe woon, maa tabax kër gi,
tudde ko Aji Sax ji Yàllay Israayil.
11 Te it fa laa def gaal gi def àlluway
kóllërey Aji Sax ga mu fasoon ak bànni
Israayil.»

### *Suleymaan ñaan na ca kanam kër Yàlla ga*

12 Gannaaw loolu Suleymaan taxaw
jàkkaarlook sarxalukaayu Aji Sax ji, fa
kanam mbooloom Israayil mépp. Mu
daldi tàllal ay loxoom.
13 Fekk na Suleymaan sàkklu ab tóojub
xànjar, ba teg ko ca diggu ëtt ba. Juróomi
xasab la tóoj ba gudde, yaatoo juróomi
xasab, taxawe ñett. Mu taxaw ca kaw,
daldi sukk bëti óomam fa kanam
mbooloom Israayil mépp. Ci kaw loolu mu
tàllal ay loxoom asamaan,
14 daldi ne:
«Yaw Aji Sax ji Yàllay Israayil, amul jenn
Yàlla ju mel ni yaw fa asamaan mbaa ci
suuf, yaw miy sàmm kóllëre ak ngor, ñeel
sa jaam ñiy doxe seen léppi xol fi sa
kanam.
15 Yaa sàmm kàddu ga nga waxoon sa
jaam ba, Daawuda sama baay, ci sa
gémmiñu bopp, te yaa sottal ci sab loxo, sa
kàddu bés niki tey.
16 Léegi nag Aji Sax ji Yàllay Israayil,
ngalla sàmmal la nga waxoon sa jaam ba,
Daawuda sama baay, ne ko: "Deesu la xañ
mukk ci saw askan ku góor kuy tooge
jalub Israayil fi sama kanam, ndegam saw
askan a ngi moytu seenu yoon, ngir di

* **5.10** ***Xoreb*** mooy Sinayi ba tey.

doxe sama ndigalu yoon, noonee nga
daan doxe fi sama kanam.”
17 Kon nag yaw Yàllay Israayil, ngalla
saxalal wax jooju nga waxoon Daawuda,
sa jaam ba.
18 «Waaye yaw Yàlla! Ndax yaay dëkk ak
doom aadama ci kaw suuf sax? Seetal
rekk, asamaan ba ca asamaani asamaan
manu laa fat, astamaak kër sii ma tabax.
19 Waaye Aji Sax ji, sama Yàlla, rikk,
teewlul li ma lay ñaan, man sab jaam, di la
ko dagaan; ngalla déggal sama yuux, te
nangu ñaan gi ma lay ñaan.
20 Yal nanga ne jàkk, muy bëccëg di
guddi, ci kër gii, béreb bi nga noon fi ngay
def sa tur, te yal nanga dégg ñaan gi may
ñaan jublu ci béreb bii, di ko ñaan, man sab
jaam.
21 Yal nanga may nangul samay dagaan,
nangul Israayil sa ñoñ. Bu ñu jubloo béreb
bii, ñaan la, yal nanga ko dégge béreb ba
nga dëkke ca asamaan, ba nangul leen,
jéggal leen.
22 «Su dee nit lañu tuumaal ne moo tooñ
moroomam, te yoon waatloo ko ba waat
war ko, bu dikkee di waatsi fi sa kanam
sarxalukaay bi ci biir kër gii,
23 su boobaa, yaw rikk dégge ko fa
asamaan, àtte say jaam, ngir fey ki tooñ,
këpp añu jëfam ci kaw boppam, te nga
dëggal ki am dëgg, ngir jox ko dëggam gi
mu yelloo.
24 «Su Israayil sa ñoñ daanoo fi kanam
ab noon, ngir tooñ gu ñu la tooñ, bu ñu
waññikoo ci yaw, sàbbaal saw tur, ñaan,
sàkku aw yiw fi sa kanam, ci biir kër gii,
25 su boobaa yaw, yal nanga dégge fa
asamaan, ba jéggale bàkkaarub Israayil sa
ñoñ, te nga delloo leen ca réew ma nga
leen joxoon, ñook seeni maam.
26 «Bu asamaan tëjoo, ba taw amul ndax
tooñ gu ñu la tooñ, bu ñu jubloo béreb bii,
ñaan la, sàbbaal saw tur, dëddu seen bàkkaar
ndax sa mbugal,
27 su boobaa yaw ngalla nangool fa
asamaan, te nga jéggale sa bàkkaaru jaam
ñi, Israayil sa ñoñ. Ngalla xamal leen yoon
wu baax wi ñu wara doxe, te nga tawal sa
suuf si nga joxoon sa ñoñ, muy seen cér.
28 «Bu xiif amee ci réew mi, mbaa mbas,
mbaa gàncax gi lakk, mbaa benaat xuural
ko, mbaa mu diy njéeréer mbaa soccet,
mbaa su dee congum seeni noon ci seen
dëkki réew mi, mbaa muy mboolem luy
musiba ak mboolem jàngoro, su boobaa,
29 lépp lu ciy ñaan akug tinu gu bawoo ci
képp ku mu doon mbaa ci mboolem
Israayil sa ñoñ, te fekk ku ci nekk ràññee
mititam ak njàqareem, ba tàllal ay loxoom
jublook kër gii,
30 su boobaa, yaw, ngalla nangoo ko fa
asamaan, màkkaan ma nga dëkke, ba
jéggale, te nga yool ku nekk kemu
mboolem ay jëfam, yaw mi xam xolam,
ndax yaw doŋŋ yaa xam xolu doom
aadama.
31 Su ko defee dinañu la ragal bay doxe
say yoon seen giiru dund, ci kaw suuf si
nga joxoon sunuy maam.
32 «Te itam doxandéem bu bokkul ci
Israayil sa ñoñ te jóge réew mu sore ngir sa
tur wu màgg ak sa dooley loxo ak sa
kàttanu përëg, bu dikkee ba jublu ci kër gii,
ñaan,
33 su boobaa ngalla nangool fa
asamaan, màkkaan ma nga dëkke, te nga
defal doxandéem boobu mboolem lu mu
la ñaan, ndax xeeti àddina yépp xam sa tur,
ngir ragal la, ni Israayil sa ñoñ, te xam ne
saw tur lañu tudd ci kër gii ma tabax.
34 «Bu sa ñoñ di xarejeek seeni noon, ci
yoon woo leen yebal, su ñu la ñaanee,
jublook dëkk bii nga tànn, ak kër gii ma
tabax ngir sa tur,
35 su boobaa ngalla nangool fa asamaan
seenug ñaan ak seen dagaan te nga may
leen ndam.
36 «Bu ñu la moyee, nde amul nit ku dul
moy, ba nga mere leen, teg leen ci loxob
noon, noon ba jàpp leen, yóbbu réew mu
sore mbaa mu jege,
37 bu ñu demee ba seenum xel dellusee
fa réew ma ñu leen yóbbu ngàllo, ñu tuub
tey sàkku aw yiw fi yaw, foofa ca réew ma
ñu duggi ngàllo, ne la noo moy, noo ñaaw,
noo def lu bon,
38 bu ñu waññikoo seen léppi xol ak seen
léppi jëmm ci yaw, foofa ca réew ma ñu
duggi ngàllo ga ñu leen fa yóbbu, ba
gannaaw gi ñu ñaan la, jublook seen réew
ma nga joxoon seeni maam, jublook dëkk

bi nga tànn, jublook kër gii ma tabax ngir
sa tur,
39 su boobaa ngalla nangool fa
asamaan, fa màkkaan ma nga dëkke, seen
ñaan ak seeni dagaan, te nga sàmm seen
àq, jéggal sa ñoñ ñi la moy.
40 «Léegi nag, sama Yàlla, ngalla waay, na
say gët ne jàkk, te say nopp teewlu ñaan gu
jibe ci béreb bii.
41 Kon nag, Aji Sax ji Yàlla, jógal agsi sa
dalluwaay, yaak gaal gi jëmmal sa doole.
Aji Sax ji Yàlla, yal na say sarxalkat soloo
mucc, te say wóllëre di bége xéewal.
42 Aji Sax ji Yàlla, ngalla bul gàntu ki nga
fal. Bàyyil xel ci ngor gi nga ji Daawuda
sab jaam.»

# 7

## *Ay sarax ñeel na jagleb kër Yàlla ga*

1 Naka la Suleymaan ñaan ba sottal,
sawara wàcce fa asamaan, xoyom saraxu
rendi-dóomal ba ak yeneen sarax ya, leeru
Aji Sax ji daldi fees kër ga.
2 Sarxalkat ya nag manuñoo dugg ca kër
Aji Sax ji, ndax leeru Aji Sax ja fees kër Aji
Sax ji.
3 Bànni Israayil gépp a gis ba sawara wa
ak leeru Aji Sax ja wàccee ca kër ga. Ci kaw
loolu ñu sukk ca dér ba, dëpp seen jë fa
suuf, sujjóot tey sàbbaal Aji Sax ji, naan:
«Kee baax, kee saxoo ngoram ba fàww!»
4 Ba mu ko defee Buur ak mboolem
askan wa sarxe ay sarax fi kanam Aji Sax
ji.
5 Buur Suleymaan daldi sarxe saraxu
ñaar fukki junniy nag ak ñaar (22 000) ak
téeméeri junniy gàtt ak ñaar fukk (120 000).
Noonu la Buur ak askan wépp amale xewu
jagleb kër Yàlla ga.
6 Ci biir loolu sarxalkat ya taxaw fa ñu
leen féetale, Leween ñi jibal jumtukaayi
xumbéen ya ñuy woye Aji Sax ji, te Buur
Daawuda defarlu woon ko, ngir saa yu
santoon Leween ñi, ne leen ñu woy Aji Sax
ji ngir ngoram gi sax dàkk. Sarxalkat yaa
nga fa seen kanam, di wal liit ya, bànni
Israayil gépp taxaw.
7 Suleymaan nag sellal digg ëtt ba
janook néegu Aji Sax ji, ndax fa la joxe
saraxu rendi-dóomal ba ak nebbonu
saraxu cant ci biir jàmm, ndax
sarxalukaayu xànjar ba Suleymaan
defarlu woon manul woona defandoo
saraxu rendi-dóomal ba ak saraxu pepp ba
ak nebbon ja.
8 Suleymaan nag ci juróom ñaari fan la
amal màggal ga ca jant yooyu, ànd caak
Israayil gépp, muy ndaje mu réy mu jóge
Buntu Amat ca bëj-gànnaar, ba ca xuru
Misra ca bëj-saalum.
9 Bésub juróom ñetteel ba, ca lañu amal
am ndaje, ndax xewu jagleb sarxalukaay
ba lañu njëkka amal diiru juróom ñaari fan,
teg ca amal màggalu Mbaar ya diiru
juróom ñaari fan.
10 Keroog ñaar fukki fan ak ñett ci
juróom ñaareelu weeru at ma, ca la
Suleymaan yiwi mbooloo ma, ñu dellu
seeni xayma, ci biir mbégte ak xol bu sedd,
ci lu baax la Aji Sax ji defal Daawuda ak
Suleymaan ak Israayil ñoñam.

## *Aji Sax ji feeñu na Suleymaan*

11 Ba mu ko defee Suleymaan sottal kër
Aji Sax ji ak kër buur. Mboolem lu ko
xelam mayoon, ngir mu def ko ca kër Aji
Sax ji ak ca kërug boppam, am na ca ndam.
12 Ci kaw loolu Aji Sax ji feeñu
Suleymaan ag guddi. Mu ne ko: «Dégg naa
sag ñaan, te tànnal naa sama bopp béreb
bii, ngir mu di kërug sarax.
13 Su ma tëjee asamaan ba taw amul,
mbaa ma sant soccet mu lekk réew mi,
mbaa ma yónni mbas ci sama ñoñ,
14 ba sama ñoñ ñi ñu tudde sama tur,
toroxlu; su ñu ñaanee, sàkku sama yiw, te
dëddu seen jëfin yu bon, su boobaa, man
maay dégge fa asamaan, jéggale seen
bàkkaar, faj seenum réew.
15 Li dale tey, samay gët a ngi xool,
samay nopp teewlu ñaanu béreb bii.
16 Li dale tey it maa tànn, maa sellal kër
gii, ngir sama tur nekk fi ba fàww, te samay
gët ak sama xol it fi lay nekk bés bu nekk.
17 Yaw nag, soo doxee fi sama kanam ni
Daawuda sa baay daan doxe tey def lépp
lu ma la sant, sama dogali yoon ak sama
àttey yoon, nga di ko sàmm,
18 kon maay saxal sab jal, na ma ko
dogule woon Daawuda sa baay, ne ko:
“Doo ñàkk ku góor kuy jiite Israayil.”

[19] Waaye su ngeen dëddoo yeen, ba bàyyi
sama dogali yoon ak sama santaane yi ma
leen tëralal, bay dem di jaamu yeneen
yàlla, di leen sujjóotal,
[20] su boobaa maa leen di witte fi sama
kaw suuf si ma leen jox, te kër gii ma sellal
ngir sama tur, maa koy xalab, mu sore
ma, te maa koy def kër gu ñuy léeboo ak di
ko kókkalee ci biir xeet yépp.
[21] Su boobaa, li kër gii doon yéeme lépp,
képp ku ko romb, dina yéemu ci lu ni mel,
te dina ne: "Ana nu Aji Sax ji defe nii réew
mii ak kër gii?"
[22] Su ko defee ñu ne: "Xanaa li ñu dëddu
seen Yàllay maam, Aji Sax ji leen jële
réewum Misra, di topp yeneen yàlla, di leen
sujjóotal aka jaamu, moo tax Aji Sax ji teg
leen musiba mii mépp."»

# 8

*Suleymaan yëngu na ci lu bare*

[1] Ñaar fukki at yi Suleymaan tabax kër
Aji Sax ji ak kërug boppam, ba mu matee,
[2] dëkk ya Iram buuru Tir joxoon
Suleymaan, ñoom la Suleymaan tabaxaat,
sancal fa niti bànni Israayil.
[3] Ba loolu wéyee Suleymaan songi dëkk
ba ñuy wax Amat Coba, nangu ko.
[4] Ci kaw loolu mu tabaxaat Tadmor ga
ca màndiŋ ma, ak mboolem dëkk ya mu
tabaxoon ca diiwaanu Amat, def leen ay
dencukaay.
[5] Mu tabaxaat nag Bet Oron kaw ak Bet
Oron suuf, muy dëkk yu ñu dàbbali, am ay
tata aki bunt yu yeti weñ di tëj.
[6] Suleymaan moo tabaxaat itam Baalat,
ak mboolem dëkki dencukaayam ak
mboolem dëkk ya watiiri xare ya dence ak
dëkki gawar ya. Mboolem lu Suleymaan
nammoona tabax daal, tabax na ko ca
Yerusalem ak ca Libaŋ ak mboolem réew
mu nekk ci kilifteefam.
[7] Mboolem nit ña desoon ca Etteen ñaak
Amoreen ñaak Periseen ñaak Eweeen ñaak
Yebuseen ña, ñooñu bokkul ci bànni
Israayil,
[8] ñenn ca seen sët ya leen wuutu ca réew
ma, te bànni Israayil faagaagalu leen,
Suleymaan moo leen dugal ci liggéeyu
sañul-bañ, ñu nekke ko ba tey jii.
[9] Waaye ñi bokk ci bànni Israayil,
Suleymaan defu leeni jaam, ngir
liggéeyam, ndax ñoom ñoo doon ay
xarekatam aki dagam aki jawriñam aki
njiiti xareem ak boroom watiiri xareem
ak dawalkati watiiram.
[10] Ñoo doon jawriñi Suleymaan yi yilif
saytukat yi, ñuy ñaari téeméer ak juróom
fukk (250), jiite mbooloom liggéeykat ya.
[11] Doomu Firawna ju jigéen ja nag,
Suleymaan moo ko jële gox ba ñu naan kër
Daawuda, toxal ko ca kër ga mu ko
tabaxaloon, ndax da noon: «Sama jabar du
dëkke kër Daawuda buurub Israayil, ndax
gox yi gaalu Aji Sax ji dugg dañoo sell.»
[12] Ba mu ko defee Suleymaan joxe
saraxi rendi-dóomal, ñeel Aji Sax ji, ca kaw
sarxalukaayu Aji Sax ja mu tabax fa
kanam mbaarum kër Yàlla ga,
[13] na mu dëppoo ak ndigal yi jëm ci
saraxu bés ak bés, ci ndigalu Musaa, ci
wàllu bési Noflaay ak Terutel weer yi ak
ñetti bési ndaje yi cim at, di màggalu
Mburu mu amul lawiir ak màggalug Ayi
bés ak màggalu Mbaar yi.
[14] Ci biir loolu mu topp ndigalal
Daawuda baayam, daldi tabb kuréeli
sarxalkat ya ca seenub liggéey, tabb
Leween ña ca seeni dénkaane, ngir ñuy
sàbbaal aka liggéey fa kanam sarxalkat ya,
na mu dëppook ndigali bés bu nekk, boole
ca tabb ay kuréeli wattukati bunt, ku nekk
ak sa bunt, na ko Daawuda góoru Yàlla ga
santaanee woon.
[15] Moyeesul fenn santaaneb Buur
Daawuda yi jëm ci sarxalkat yi ak Leween
ñi, ci mboolem mbir yooyu, ba ci wàllu
denc ya.
[16] Noonu lañu amale mboolem liggéeyu
Suleymaan, dale ko ca bés ba fondmaa kër
Aji Sax ji lalee, ba keroog kër Aji Sax ji
sottee ba mat sëkk.
[17] Suleymaan nag dem Eccon Geber ak
Elat ca tefesu géeju Barax ya, ca réewum
Edom.
[18] Buur Iram yóbbante ko ay surgaam,
ngir ñu yót ko ay gaal yu mag ak mool yu
xam géej. Ñu ànd ak niti Suleymaan ca
gaal ya, dem Ofir. Téeméeri barigoy wurus
ak juróom fukk (150) lañu fa jële, indil
Buur Suleymaan.

# 9

## *Lingeeru Seba gane na Suleymaan*

1 Ci kaw loolu Lingeeru Seba dégg
riirum Suleymaan. Mu dikk fa Yerusalem,
di nattusi xelum Suleymaan, cax ko cax
yu jafe. Ma nga ànd ak topp mu réy lool,
aki giléem yu sëf ay ndàbb yu xeeñ ak
wurus wu bare ak per yu gànjare. Ba mu
dikkee ba ci Suleymaan, mboolem la mu
jàppoon ca xelam la ko wax.
2 Suleymaan tontu ko ca mbir ya mu
laaj yépp. Menn mbir tiiñul Suleymaan, ba
leeralalu ko ko.
3 Lingeer buurub Seba gis xelam
Suleymaan mu rafet, ak kër ga mu tabax
4 ak njëlu këram ak jataayu dagam ya ak
taxawaayu surgaam ña ak seen col ga, ak
ña yore ay naanam ak seen col ga, ak na
ñuy jiitlee jëm kër Aji Sax ji. Mu daldi
yéemu ba ag noowam réer ko.
5 Mu ne Buur: «Jëw ba ma déggoon ca
sama réew ci say mbir ak sa xel mu rafet
kay, lu dëggu la!
6 Gëmuma ko woon ba bi ma dikkee, ba
teg ci sama bët. Ndeke sa genn-wàllu
dayob xel mu rafet, waxeesu ma ko woon.
Riir ma ma déggoon, wees nga ko.
7 Ndokkalee say nit! Ndokkalee sa
jawriñ ñii dëkke taxaw ci sa kanam, di
dégg sam xel!
8 Cant ñeel na sa Yàlla Aji Sax ji, moom
mi la bége, ba teg la cib jalam, ngay buur
ngir Aji Sax ji sa Yàlla. Sa Yàlla moo sopp
Israayil, bëgg koo saxal ba fàww, ba tax mu
fal la buur ci seen kaw, ngir ngay jëfe dëgg
ak njub.»
9 Ba mu ko defee Lingeer buurub Seba
may Suleymaan ñeent fukki barigoy
wurus ak benn (41) ak cuuraayu ndàbb lu
bare lool ak per yu gànjare. Amul
cuuraayu ndàbb lu mel ni cuuraay loola
Lingeer buurub Seba mayoon Buur
Suleymaan.
10 Surgay Iram itam ak surgay Buur
Suleymaan ya daan jële wurus ca réewum
Ofir, daldi indi banti sàntaal ak per yu
gànjare.
11 Buur sàkke ca banti sàntaal ya ay yoon
yu jëm ca kër Aji Sax ji ak kër buur ak ay
xeeti xalam ngir woykat yi, te maseesula
gis xalam yu ni mel ci réewum Yuda.
12 Buur Suleymaan itam may Lingeer
buurub Seba mboolem lu mu bëgg te sàkku
ko, ba mu ëpp la mu indil Buur. Ba loolu
amee Lingeer buurub Seba walbatiku,
ñibbim réewam, mooki surgaam.

## *Suleymaan wone na darajaam*

13 Wurus wa daan dikkal Suleymaan
cim at, diisaay ba tollu ci ñaari téeméeri
barigoy wurus ak fanweer (230) la,
14 te limaaleesul galag ya jóge ca jaaykat
yaak jula ya, ak wurus waak xaalis ba
mboolem buuri Arabi ak jaraafi réew ma
daan indil Suleymaan.
15 Buur Suleymaan nag sàkklu ñaari
téeméeri pakk yu mag yu wurus wu ñu tëgg
ba mu jekk, benn bu ci nekk jël lu tollook
juróom ñaari kiloy wurus,
16 ak ñetti téeméeri pakk yu ndaw yu
wurus wu ñu tëgg ba mu jekk, pakk bu ci
nekk jël ñetti kiloy wurus ak genn-wàll.
Buur boole ko denc ca këram ga ñuy wax
Kër Gottub Libaŋ.
17 Buur teg ca sàkk ngàngune mu mag mu
ñu xoobe wurusu ngalam, rafetale ko
yaxu bëñi ñey.
18 Juróom benni dëggastal la ngàngune
ma am, ab tegukaayu tànku wurus taqoo
ak ngàngune ma. Mu am ay loxo yu séq
toogukaay bi ak ñaari jëmmi gaynde yu
taxaw, wet gu nekk benn.
19 Mu am it fukki jëmmi gayndeek ñaar
yu taxaw ca ñaari weti juróom benni
dëggastal ya, ñaari gaynde séq ndëggastal lu
nekk. Sàkkeesul lu ni mel ci genn nguur!
20 Mboolem lu Buur Suleymaan daan
naane wurus la, te mboolem ndabi këram
ga ñuy wax Kër Gottub Libaŋ wurusu
ngalam la. Dara du ca xaalis, ndax xaalis
jàppeesu ko woon muy dara ca jamonoy
Suleymaan.
21 Gaali buur nag Tarsis lañu daan dem,
ànd ak surgay Buur Iram. Benn yoon ci
ñetti at yu nekk gaali Tarsis dikk, yeb
wurus ak xaalis ak bëñi ñey aki golo, ba
ciy jàmbjóob.
22 Buur Suleymaan dem na ba sut
mboolem buuri kaw suuf ci wàllu alal ak
ci xel mu rafet.

23 Mboolem buuri àddinaa daan wuta
giseek Suleymaan, ngir taataansi xelam
mu rafet mi Yàlla def cib xolam.
24 Ñooñu ñoo ko daan indil at ci kaw at,
ku nekk ak sab teraanga, muy ay
jumtukaayi wurus ak yu xaalis aki yére aki
gànnaay aki cuuraay aki fas aki berkelle.
25 Suleymaan amoon na ñeenti junniy
(4 000) wudd ngir ay fas aki watiir, ak
fukki junniy gawar ak ñaar (12 000). Mu
dëkkal leen ca dëkk ya watiir ya féete ak
itam fa wetam ca Yerusalem.
26 Moo yilifoon mboolem buur ya dale
fa dexu Efraat, ba réewum Filisti, ba ca
kemu Misra.
27 Buur Suleymaan a def xaalis late biir
Yerusalem bay safi doj, garabi seedar di fa
saf garabi sikomoor yi ne xas ci suufu
tund yi.
28 Ca Misra ak ca réew yépp lañu daan
jëggaanee ay fas ngir Suleymaan.

*Buur Suleymaan saay na*

29 Li des ci mbiri Suleymaan yu njëkk
yaak yu mujj ya, bindees na ko moos ca
nettalib Yonent Yàlla Natan, ak ca kàdduy
waxyu ya Axya ma dëkk Silo jottali, ak ca
peeñuy Yeedo boroom peeñu ba peeñoom
jëm ci Yerbowam doomu Nebat.
30 Suleymaan nguuru na fa Yerusalem ci
kaw Israayil gépp ñeent fukki at.
31 Gannaaw loolu Buur Suleymaan saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko ca gox ba
ñuy wax Kër Daawuda baayam. Robowam
doomam moo falu buur, wuutu ko.

# 10

*Israayil fippu na ci kaw Robowam*

1 Ba loolu amee Robowam dem dëkk ba
ñuy wax Sikem, ndax fa la Israayil gépp
daje woon, ngir fal ko buur.
2 Yerbowam doomu Nebat dégge ko ca
Misra ga mu dawoon dem, di fa làqu Buur
Suleymaan. Ci kaw loolu Yerbowam
bàyyikoo Misra, dellusi.
3 Ñu woolu ko, ñu ànd, mook Israayil
gépp ca Robowam. Ñu ne ko:
4 «Sa baay da noo tegoon njaam gu
metti. Kon nag dangay woyofal sunu
liggéey bu metti bi nu sa baay sëf, te
yolomal buumu njaam gu teeŋ gi mu nu
gàll, kon nu jaamu la.»
5 Mu ne leen: «Demleen ba mu am ñetti
fan, ngeen délsi.» Mbooloo ma daldi dem.
6 Buur Robowam giseek mag ña daa
taxawu Suleymaan baayam, ba muy
dund. Mu ne leen: «Lu ngeen may digal,
ma wax ko mbooloo mii?»
7 Ñu ne ko: «Soo baaxee mbooloo mii,
yéwéne leen, wax leen kàddu yu rafet, say
jaam lañuy doon ba fàww.»
8 Robowam nag dégluwul waxi mag ña,
xanaa dem giseek xale yu góor ya
màggandoo ak moom te di ko taxawu.
9 Mu ne leen: «Lu ngeen may digal ma
wax ko mbooloo mii ne ma, ma yolomal
buumu njaam gi leen sama baay yeewe
woon?»
10 Xale yu góor ya mu màggandool wax
ko ne ko: «Mbooloo mi ne la sa baay da
leena yeewoon buumu njaam gu teeŋ,
waaye yaw yolomalal leen ko, li nga leen
di wax mooy lii: “Sama baaraamu
sanqleeñ moo gëna diis sama tànku baay.
11 Sama baay a leena tegoon njaam gu
metti, waaye man maay yokk seen njaam,
ba mu gëna metti. Te sama baay ay yar la
leen daan cawe, waaye samab yar, ay
leraw yu ñu kor weñ la.”»
12 Ca ñetteelu bés ba Yerbowam ànd ak
mbooloo ma mépp, dellu ca Robowam,
noonee leen ko Buur waxe woon ne leen
ñu dem ba mu am ñetti fan, ñu délsi.
13 Buur Robowam tontu leen kàddu gu
ñagas, bàyyi la ko mag ña digaloon.
14 Na ko xale yu góor ya digale la waxeek
ñoom, ne leen: «Maa leen di teg njaam gu
metti, te maa koy yokkati. Te sama baay
ay yar la leen daa cawe, waaye samab yar,
ay leraw yu ñu kor weñ la.»
15 Noonu la Buur tanqamloo mbooloo
ma, te Yàlla moo walbatee noonu mbir ma,
ngir amal wax ja mu waxoon Yerbowam
doomu Nebat, Axya waa Silo ba jottali*.
16 Ba Israayil gépp gisee na leen Buur
tanqamloo, dañu koo tontu ne ko:

«Ana lu nu bokk ak Daawuda?
Lu nu séq ak doomu Yese?
Bànni Israayiloo, delluleen ca seeni
xayma!

* **10.15** Seetal ci *1.Buur ya* 11.29-39.

Yaw askanu Daawuda, xoolalal sa bopp sa
kër.»
Ba mu ko defee bànni Israayil gépp dellu
ca seeni xayma.
17 Teewul bànni Israayil ya dëkkoon ca
dëkki Yuda, Robowam wéy di seen buur.
18 Ci kaw loolu Buur Robowam yónni
Adoram may sase liggéeyi sañul-bañ ya.
Teewul Israayil bokk dóor ko ay doj ba mu
dee. Buur Robowam daldi gaaw war
watiir, daw làquji Yerusalem.
19 Noonu la Israayil fippoo ci kaw waa
kër Daawuda ba sunu jonni yàllay tey.

# 11

*Robowam aar na Yuda*
1 Ci kaw loolu Robowam agsi
Yerusalem, daldi woo waa kër Yuda ak
Beñamin, ñu daje di téeméer ak juróom ñett
fukki junniy (180 000) nit, diy ñeyi xare. Ñu
nara xareek Israayil, ngir delloo nguur ga
ca loxol Robowam.
2 Ci biir loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
góoru Yàlla gu ñuy wax Semaya, ne ko:
3 «Waxal Robowam doomu Suleymaan
buurub Yuda ak mboolem bànni Israayil
gi ci Yuda ak Beñamin, ne leen:
4 “Aji Sax ji dafa wax ne: Buleen jóg di
xeex ak seeni bokk. Na ku nekk ñibbi
këram, ndax ci man la mbir mii sababoo.”»
Ñu dégg kàddug Aji Sax ji, daldi walbatiku,
fomm cong ma ñu naraloon Yerbowam.
5 Ba mu ko defee Robowam dëkke
Yerusalem, daldi tabax fa Yuda ay dëkk yu
ñu dàbbali ngir kaaraange.
6 Tabax na Betleyem ak Etam ak Tekowa
7 ak Bet Cur ak Soko ak Adulam
8 ak Gaat ak Maresa ak Sif
9 ak Adorayim ak Lakis ak Aseka
10 ak Cora ak Ayalon ak Ebron, dëkk ya
ñu dàbbali ca diiwaani Yuda ak Beñamin.
11 Tatay dëkk ya la dàbbali, teg fa ay
jawriñ, denc fa ab dund akug diw ak biiñ.
12 Mboolem dëkk yooyu yépp, ay pakk
aki xeej a nga fa woon. Noonu la dooleele
dëkk ya lool, ba teg loxoom ca kaw Yuda
ak Beñamin.
13 Ci biir loolu sarxalkat yeek Leween yi
dëkk ca biir giiri Israayil ya ca bëj-gànnaar,
ñoom ñépp toxoo mboolem gox ya ñu
moom, daldi dikk far ak Robowam.
14 Leween ña sax dañoo mujj wacc seen
suufi parlu ak seen moomeel, ba dem
Yuda ak Yerusalem, ndax Yerbowam ak
doomam yu góor ñoo leen dàqe ci liggéeyu
carxal gu ñeel Aji Sax ji.
15 Fekk na Yerbowam tabbal boppam ay
sarxalkat ngir yàllay bëy yaak wëllu ya mu
sàkk ca bérebi jaamookaay ya.
16 Ci kaw loolu ci mboolem giiri Israayil
gu bëj-gànnaaru Israayil, ña ca nammoona
jaamu Aji Sax ji Yàllay Israayil, ñépp
bàyyikoo ca, topp ca Leween ña, dem
Yerusalem, ngir sarxal fa Aji Sax ji seen
Yàllay maam.
17 Noonu lañu dooleele nguurug Yuda,
dooleel Robowam doomu Suleymaan
diiru ñetti at, ndax diiru ñetti at lañu topp
tànki Daawuda ak Suleymaan.

*Lu jëm ci Robowam ak waa këram*
18 Robowam nag jël jabar Maxalat mi
baayam di Yerimot. Yerimot, Daawudaay
baayam, yaayam di Abiyayil. Abiyayil,
Elyab doomu Yese mooy baayam.
19 Maxalat jural ko doom yu góor, ñoo di
Yewus ak Semarya ak Sayam.
20 Gannaaw kooku mu jël Maaka mi
baayam di Absalom. Mu jural ko Abya ak
Atay ak Sisa ak Selomit.
21 Maaka nag la Robowam gënoona bëgg
ci mboolem ay jabaram aki nekkaaleem,
te fukki jabar ak juróom ñett la Robowam
jëloon, ak juróom benn fukki nekkaale, am
ca ñaar fukki doom yu góor ak juróom ñett,
ak juróom benn fukki doom yu jigéen.
22 Robowam nag nara fal Abya doomu
Maaka buur, ba tax mu jiital ko, muy
njiitu ñi mu bokkal waajur.
23 Ci kaw loolu mu def ag muus, tasaare
yeneen doomam yu góor yépp, yebal leen
ca mboolem goxi Yuda ak Beñamin, ca
mboolem dëkk ya tata wër. Mu daldi leen
jox dund bu ne gàññ, jëlal leen jabar yu
bare.

# 12

*Misra song na Yuda*
1 Ba nguurug Robowam demee ba dëgër,
ba Robowam ci boppam am doole, ca la
wacc yoonu Aji Sax ji, mook Israayil gépp.

2 Ba Buur Robowam faloo, ba dugg ca
juróomeelu atu nguuram, ca la Sisag buuru
Misra song Yerusalem ndax la ñu fecci Aji
Sax ji kóllëre.
3 Sisag songe leen junniy watiir ak ñaari
téeméer (1 200) ak juróom benn fukki
junniy (60 000) gawar ak gàngoor gu
limuwul gu ànd ak moom, jóge Misra: niti
Libi ak ay Sukkeen aki Kuuseen.
4 Ba loolu amee mu nangu dëkk ya tata
wër te ñu bokk ca Yuda, doora agsi
Yerusalem.
5 Semaya yonent ba nag fekki Robowam
ak kilifay Yuda fa ñu dajeji woon fa
Yerusalem, ba Sisag jegesee. Mu ne leen:
«Aji Sax ji dafa wax ne: Yeena ma wacc,
man itam, ma wacc leen ci loxol Sisag.»
6 Buur ak kilifa yi daldi toroxlu, ne: «Aji
Sax ji moo am dëgg.»
7 Ba Aji Sax ji gisee na ñu toroxloo,
kàddug Aji Sax ji moo dikkal Semaya ne:
«Gannaaw toroxlu nañu, duma leen sànk,
waaye dinaa leen may tuuti xettal, te
duma sottee loxol Sisag sama sànj ci kaw
Yerusalem.
8 Waaye du tere ñu doon jaami Sisag, te
dinañu xam li ci jaamu ma, ak li ci jaamu
nguuri réew yi.»
9 Ci kaw loolu Sisag buuru Misra song
Yerusalem. Mu jël nag alali kër Aji Sax ji
ak alali kër buur. Lépp la jël ba ca pakki
wurus ya Suleymaan defarlu woon.
10 Ba mu ko defee Buur Robowam
defarlu ay pakku xànjar yu wuutu yu
wurus ya. Mu teg ko ca loxoy njiiti dag yay
wattu buntu kër buur.
11 Saa yu Buur dee duggsi ca kër Aji Sax
ji, dag ya ŋàbb pakk ya, bu ñu noppee
delloo ko ca néegu dag ya.
12 Ba mu toroxloo, ca la ko sànjum Aji
Sax ji dëddu ko, ba tax sànku ko sànkute gu
mat sëkk, te biir Yuda itam amoon na mbir
yu mu baaxle.
13 Noonu la Buur Robowam dëjoo bu
baax ca Yerusalem, yor nguur ga. Ñeent
fukki at ak benn la Robowam amoon ba
muy falu. Fukki at ak juróom ñaar la
nguuroo Yerusalem, dëkk ba Aji Sax ji
tànn, ngir dëël fa turam, ci mboolem dëkki
giiri Israayil. Ndeyam di Naama, di ab
Amoneen.
14 Lu bon la Robowam daan def ndax
deful woon am xelam ci wut Aji Sax ji.
15 Mbiri Robowam yu njëkk yaak yu
mujj ya, bindees na ko moos ci nettalib
Semaya yonent ba, ak Ido boroom peeñu
ba, ca téere ba yittewoo limu maam yi. Ay
xare nag la Robowam ak Yerbowam a
jàppoo woon bés bu nekk.
16 Gannaaw gi, Buur Robowam saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu
naan Kër Daawuda. Abya doomam moo
falu buur, wuutu ko.

# 13

*Lu jëm ci nguurug Abya*

1 Ci fukkeelu at ak juróom ñett ca
nguurug Yerbowam, ca la Abya falu buur
ca Yuda.
2 Ñetti at la nguuru fa Yerusalem, te
yaayam moo doon Mikaya, doomu Uryel
ma dëkk Gibeya. Xare nag amoon na
diggante Abya ak Yerbowam.
3 Abya moo song xare ba ànd ak gàngooru
jàmbaari xare; ñeenti téeméeri junniy
(400 000) góor ñu ñu tànn. Yerbowam it
làng-déral ab xare janook moom, ak
juróom ñetti téeméeri junniy (800 000) góor
ñu ñu tànn, xeexkat yu jàmbaare.
4 Abya moo taxaw fa kaw tundu
Cemarayim ca diiwaanu tundi Efrayim,
daldi xaacu ne: «Yaw Yerbowam, déglu ma
yaak Israayil gépp.
5 Xanaa war ngaa xam ne Aji Sax ji
Yàllay Israayil moo jox Daawuda nguur ci
kaw Israayil ba fàww, moom ak aw
askanam, muy kóllëreg xorom* gu dul
jaas, du fecciku, xanaa sax dàkk.
6 Teewul Yerbowam doomu Nebat miy
surgab Suleymaan doomu Daawuda, moo
jóg fippu ci kaw sangam.
7 Ci kaw loolu ay sagari nit ñu tekkiwul
dara booloo ànd ak moom, jaay Robowam
doomu Suleymaan doole, fekk Robowam
di gone gu fit wa dëgërul ba manu leena të.
8 Léegi nag yeen ngeen defe ne man
ngeena të nguurug Aji Sax ji ci loxol

* **13.5 *kóllëreg xorom*** waxin la, day tegtale kóllëre gu yàgg, ba sax dàkk, ndax lu bare luy yàqu, xorom lees ko baaxoo woona dence, ngir mu yàgg.

doomi Daawuda. Gàngoor gu réy ngeen, te
ñi ànd ak yeen di ay wëlluy wurus yu leen
Yerbowam sàkkal, ñu taxawe ay yàlla.
9 Xanaa du yeena dàq sarxalkati Aji Sax
ji, doomi Aaróona yu góor, ak Leween ñi,
ba sàkkal seen bopp ay sarxalkat ni askani
yeneen réew yi? Ku mu mana doon rekk
dikk ak aw yëkk, ak juróom ñaari kuuy,
ngir tabbees ko cig carxal, ba mu doon ab
sarxalkatub lu dul Yàlla.
10 Nun nag Aji Sax ji mooy sunu Yàlla, te
waccunu ko. Te sarxalkat yi fi nun di
liggéeyal Aji Sax ji, askanu Aaróona lañu,
feggook Leween ñeek seen wàll ci liggéey
bi.
11 Ñooy lakk suba su nekk ak ngoon su
nekk, ñeel Aji Sax ji, ay saraxi rendi-dóomal
ak cuuraay lu xeeñ. Mburum teewal ma it
ñoo koy teg bu jekk ca taabal ju set wecc
ja, te ñooy teg tegukaayu làmp bu wurus
ba aki làmpam, ñuy tàkk ngoon su nekk,
ndax nun déy sunu ndénkaaneb Yàlla Aji
Sax ji lanu sàmm. Yeen nag yeena ko wacc.
12 Mu ngoogu, Yàllaa ngii jiite nu, mooki
sarxalkatam ak seeni liit yu xumb, ngir
jibal wooteb xare ci seen kaw. Kon yeen
bànni Israayil, buleen xareek Aji Sax ji
seen Yàllay maam, ndax kat dungeen am
ndam.»
13 Ci biir loolu Yerbowam yónnee ndànk
lenn ca gàngooram, ñu doxe Yudeen ña
gannaaw, ngir tëru leen.
14 Yuda walbatiku, gisuñu lu moy xare
bu leen tance kanam ak gannaaw. Ñu
daldi woo Aji Sax ji wall, sarxalkat ya wal
liit ya.
15 Ci kaw loolu Yudeen ña xaacoondoo.
Naka la Yudeen ña xaacu, Yàlla duma
Yerbowam ak Israayil gépp fa kanam
Abya ak Yuda.
16 Bànni Israayil daldi daw, won Yuda
gannaaw, Yàlla teg leen ci seen loxo.
17 Abya ak gàngooram nag duma leen
duma yu réy, néewi Israayil tëdd, di juróomi
téeméeri junniy (500 000) tànnéefi xarekat.
18 Jant yooyu la bànni Israayil suufe,
Yudeen ña féete kaw, ndax la ñu wéeroo Aji
Sax ji seen Yàllay maam.
19 Abya nag dàqi Yerbowam, ba nangu
ca moom ay dëkk. Betel aki
dëkk-dëkkaanam ca la, ak Yesana aki
dëkk-dëkkaanam, ak Efron aki
dëkk-dëkkaanam.
20 Yerbowam amatuloon doole ca janti
Abya. Gannaaw gi, Aji Sax ji faat ko, mu
dee.
21 Ba mu ko defee Abya gëna am doole.
Ci biir loolu mu jël fukki jabar ak ñeent,
am ñaar fukki doom yu góor ak ñaar, ak
fukki doom yu jigéen ak juróom benn.
22 Li des ci mbiri Abya, ay waxam aki
jëfam, bindees na ko ci nettalib Ido yonent
ba.
23 Gannaaw gi, Buur Abya saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu naan
Kër Daawuda. Asa doomam moo falu
buur, wuutu ko. Ay jantam, réew ma am
na jàmm diiru fukki at.

# 14

*Lu jëm ci nguurug Asa*

1 Asa nag di def lu baax lu jub li Aji Sax ji
Yàllaam rafetlu.
2 Moo dindi sarxalukaayi yàllay
ndoxandéem yi, ak bérebi jaamookaay yi,
moo toj tuuri doj yi, ak xer yi ñuy màggale
Asera, tuur mi.
3 Ci biir loolu mu wax Yuda ne leen ñu
déggal Aji Sax ji seen Yàllay maam, tey jëfe
yoon wi ak santaane bi.
4 Mboolem dëkki Yuda la jële bérebi
jaamookaay ya ak sarxalukaayi cuuraay
ya. Ba mu ko defee nguur ga am jàmm fa
kanamam.
5 Asa tabax na ay dëkk yu ñu dàbbali fa
Yuda, ndax jàmm ja réew ma am, kenn
xarewul ak moom, at yooyu, ndax Aji Sax
jee ko may noflaay.
6 Moo tax mu ne Yuda: «Nanu tabax dëkk
yii, wërale leen ay tata ak seeni sooroor aki
tëjukaayi weñ, li feek réew miy nekkagum
fi sunu kanam. Ndax kat noo jaamu sunu
Yàlla Aji Sax ji. Noo ko jaamu, mu may nu
noflaay wet gu nekk.» Ci kaw loolu ñu
tabax, ba sottile.
7 Asa amoon na gàngooru nit ñu yor pakk
yu mag aki xeej, bokk ci giirug Yuda, di
ñetti téeméeri junni (300 000), ak ñu bokk ci
giirug Beñamin, yor pakk yu ndaw tey
bank xala, di ñaari téeméer ak juróom ñett
fukki junni (280 000), ñooñu ñépp di
jàmbaari góor yu am doole.

[8] Sera Kuuseen ba nag moo dikkoon ci
seen kaw, ak gàngooru junniy junni
(1 000 000), ak ñetti téeméeri (300) watiir.
Mu dikk ba Maresa.
[9] Asa génn dajejeek moom, ñu làng-déral
xare fa xuru Cefata, feggook Maresa.
[10] Ba loolu amee Asa woo Yàllaam Aji Sax
ji, ne ko: «Yaw Aji Sax ji, kenn melul ni
yaw, di dimbalee diggante ñu takku ak ñu
néew doole. Kon Aji Sax ji sunu Yàlla,
dimbali nu, ndax ci yaw lanu wàkkirlu, ci
saw tur it lanu dajeseek gàngoor gii. Aji
Sax ji sunu Yàlla, bu la nit man.»
[11] Aji Sax ji nag duma Kuuseen ña fa
kanam Asa ak Yuda, Kuuseen ña daw.
[12] Asa ak gàngoor ga mu àndal dàqi
Kuuseen ña ba Gerar, ñu daanu, kenn
rëccul. Fa kanam Aji Sax ji ak fa kanam
gàngooram lañu rajaxoo. Ci kaw loolu
Yudeen ña yóbbu alalu sëxëtoo ju bare lool.
[13] Mboolem dëkk ya wër Gerar lañu
daaneel ndax tiitaange ju leen dikke,
sababoo ci Aji Sax ji. Dëkk yépp lañu
sëxëtoo it, te alalu sëxëtoo ju baree ca
nekkoon.
[14] Xaymay jur ga sax dañu leena
daaneel, daldi yóbbu gàtt yu bare aki
giléem. Gannaaw loolu ñu dellu
Yerusalem.

# 15

### *Buur Asa indi na ay coppite*

[1] Leerug Yàlla moo dikkaloon Asaryaa
doomu Odedd ju góor.
[2] Mu dem ba ca Buur Asa, ne ko: «Asa,
dégluleen ma, yaw ak mboolem Yuda ak
Beñamin. Li feek yeena ngi ànd ak Aji Sax
ji, mu ngi ànd ak yeen. Su ngeen ko wutee,
mu ubbil leen boppam, waaye su ngeen
ko dëddoo, mu dëddu leen.
[3] Bànni Israayil dund na ay fani fan yu
mu jaamuwul Yàlla ju dëggu. Jant yooyu
amuñu woon ab sarxalkat buy jàngale,
mbaa aw yoon.
[4] Waaye ba ñu walbatikoo ca seen biir
njàqare, jublu ci Aji Sax ji Yàllay Israayil, ba
wut ko, ubbil na leen boppam.
[5] Jant yooyu, képp kuy génn ak kuy dugg,
du jenn jàmm ju mu amoon, ndax tar-tar
yu bare ñoo tegu woon ci kaw mboolem
waa réew yi.
[6] Aw xeet tas weneen xeet, ab dëkk tas
beneen dëkk, ndax Yàlla moo leen tegoon
gépp njàqare.
[7] Yeen nag dëgërluleen te baña yoqi, ngir
ab yool a ngi xaar seenub liggéey.»
[8] Ba Asa déggee kàddu yooyu, kàdduy
waxyu ya Yonent Yàlla Asaryaa doomu
Odedd jottali, ca la dëgërlu, daldi dindi
tuur yu seexluwu ya, jële leen ca mboolem
réewu Yuda ak Beñamin, ak dëkk ya mu
nangoo fa diiwaanu tundi Efrayim. Ci kaw
loolu mu yeesal sarxalukaay ba nekkoon
fa kanam mbaarum kër Aji Sax ji.
[9] Ba loolu amee mu dajale mboolem
Yuda ak Beñamin, ak ña toxusi woon fa
ñoom te giiroo fa Efrayim ak Manase ak
Simeyon. Ndax kat mbooloom Israayil mu
baree wàllisi woon fa Asa, ba ñu gisee ne
moom la Aji Sax ji Yàllaam àndal.
[10] Ci kaw loolu ñu daje fa Yerusalem, ca
ñetteelu weeru atum fukkeel ak juróom ca
nguurug Asa.
[11] Bésub keroog sarxalal nañu Aji Sax ji
lenn ca alalu sëxëtoo ja ñu indaale: nag ya
di juróom ñaari téeméer (700), gàtt ya di
juróom ñaari junni (7 000).
[12] Ba mu ko defee ñu tàbbi ci kóllëre gu
ñu fas ak Aji Sax ji seen Yàllay maam, ngir
di ko jaamoo seen léppi xol ak seen léppi
jëmm.
[13] Ci biir loolu ñu dogu ne képp ku
jaamuwul Aji Sax ji Yàllay Israayil, mag ak
ndaw, góor ak jigéen, dees na ko rey.
[14] Baat bu xumb lañu yékkati, giñal Aji
Sax ji, boole kook liit yuy riir aki bufta*.
[15] Yuda† gépp nag bége ngiñ la, ndax
seen léppi xol lañu giñe, te seen jépp yéene
lañu wute Aji Sax ji, moom it mu ubbil
leen boppam. Ci kaw loolu mu may leen
noflaay ci wet gu nekk.
[16] Maaka maamu Buur Asa ju jigéen sax,
Asa xañ na ko céru lingeer yaayu buur ba
mu amoon, ndax Maaka moo sàkkaloon
Asera tuur ma, ab xer bu seexluwu bu ñu
koy màggale. Asa gor xeru maamam ja,
wal ko, lakk ko ca xuru Sedoron.

* **15.14** ***bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal. † **15.15** ***Yuda*** mooy réewum giiru Yuda ak giiru Beñamin, maanaam réewum Israayil ci bëj-saalum.

17 Waaye bérebi jaamookaay ya, jëleesu
ko fa Israayil, doonte pastéefu xol bu mat
sëkk la Asa nekke woon, giiru dundam
gépp.
18 Moo indi ca kër Aji Sax ji, jumtukaay
yu sell yu baayam ya, ak jumtukaay yu
sell yu boppam, muy xaalis ak wurus aki
ndab.
19 Ab xare nag amatu fa woon ba ca
fanweereelu at ak juróom ca nguurug Asa.

# 16

### *Lu jëm ci ati Asa yu mujj*

1 Ca fanweereelu at ak juróom benneel
ci nguurug Asa, Basa buurub Israayil moo
song Yuda, daldi dàbbali dëkk ba ñuy wax
Raama, ba kenn du dugg jëm ca Asa
buurub Yuda, mbaa muy génn.
2 Asa yebbee fa denci kër Aji Sax ji ak
kër buur xaalis ak wurus, yónnee ko Ben
Addàd buurub Siri ba ca Damaas,
yóbbantewaale ko kàddu yii:
3 «Kóllëree dox sama digganteek yaw, na
mu doxe woon sama diggante baay ak sa
baay. Lii nag maa la ko may, muy xaalis ak
wurus. Te nga dogoo rekk ak Basa buurub
Israayil, ndax mu jóge samam réew.»
4 Ben Addàd déggal Buur Asa, daldi
yebal njiiti gàngooram ca dëkki Israayil. Nii
lañu nangoo dëkk ya ñuy wax Yon ak Dan
ak Abel Mayim, ak mboolem dëkki
dencukaay ya ca Neftali.
5 Ba ko Basa déggee, Raama ga mu doon
dàbbali la ba, ba dakkal liggéeyam ya mu fa
sumboon.
6 Ba loolu amee Asa dajale Yuda gépp, ñu
yóbbu doj yaak bant ya Basa doon tabaxe
fa Raama. Ca la tabaxe dëkk ya ñuy wax
Geba ak Mispa.
7 Jant yooyu la Anani boroom gis ba
dikk ca Asa buurub Yuda, ne ko: «Gannaaw
defoo sa yaakaar ci sa Yàlla Aji Sax ji,
xanaa ngay yaakaar buurub Siri, gàngooru
buurub Siri rëcc na la.
8 Xanaa Kuuseen ñi ak waa Libi duñu
woon gàngoor gu mag aki watiir aki gawar
yu baree bare? Ndaxam ba nga defee sa
yaakaar ci Aji Sax ji, moo leen teg ci sa
loxo.
9 Aji Sax ji déy suuf sépp lay jéere ay
gëtam, ngir dooleel ñi ko wéetalal seen xol.
Yëfi dof nga def ci mbir mii, ndax li dale
tey ay xare topp na la.»
10 Ba loolu amee Asa mer, sànju ca kaw
boroom gis ba ndax kàddu yooyu, ba dugal
ko kaso, jéng ko. Jant yooyu la Asa mitital
ñenn ca askan wa.
11 Mu ngoog, mbiri Asa yu njëkk yaak yu
mujj ya, ña nga binde ca téere ba ñu dippee
Buuri Yuda ak Israayil.
12 Ca fanweereelu at ak juróom ñeenteel
ci nguuram nag, jàngoroy tànk moo jàpp
Asa, ba mu mujj metti, te jàngoroom ja
taxul sax mu sàkku ndimbalu Aji Sax ji,
xanaa fajkat ya.
13 Gannaaw gi, Buur Asa saay, fekki ay
maamam. Ca ñeent fukkeelu atu nguuram
ak benn la dee,
14 ñu denc ko ca bàmmeelu dojam bu mu
yattaloon boppam ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda. Ab lal bu ñu jal mboolem xeeti
cuuraay yu njafaan-kat waajal, ca lañu ko
tëral. Ci biir loolu ñu taalal ko taal bu réy
lool, sargale ko ko.

# 17

### *Yosafat falu na ca Yuda*

1 Ba mu ko defee Yosafat doomu Asa
falu buur, wuutu ko. Mu dëju bu baax nag
ci kaw Israayil, nguur ga ca bëj-gànnaar.
2 Yosafat teg ay gàngoor ca mboolem
dëkki Yuda ya tata wër, daldi teg ay kuréeli
xare ca réewum Yuda, ak dëkki Efrayim ya
Asa baayam nangu woon.
3 Ba mu ko defee Aji Sax ji ànd ak
Yosafat, ndax na Daawuda maamam daan
njëkka doxe, na la doxe, te sàkkuwul tuur
ya ñuy wax Baal.
4 Yàllay baayam daal la daan sàkku te ay
santaaneem la daan doxe, baña roy jëfi
Israayil.
5 Aji Sax ji nag dëgëral nguur ga ca
loxoom, Yuda gépp di indil Yosafat ab
galag, mu am alal ak daraja ju bare.
6 Ci kaw loolu pastéefu xolam ci jëfe
coobarey Aji Sax ji yokku, ba mu jëleeti fa
Yuda, bérebi jaamookaay ya, ak xer ya ñuy
màggale Asera tuur ma.
7 Mu teg ca yebal, ca ñetteelu atum
nguuram, jawriñam ñii di Ben Xayil ak

Abdiyas ak Sàkkaryaa ak Netaneel ak
Mikaya, ngir ñu jàngaleji ca dëkki Yuda.
8 Ña ànd ak ñoom di ay Leween, Semaya
ca la, ak Netaña ak Sebaja ak Asayel ak
Semiramot ak Yonatan ak Adoña ak Tobya
ak Tob Adoña. Leween ñooña àndaale ak
Elisama ak Yexoram, sarxalkat ya.
9 Ñu yóbbaale téereb yoonu Aji Sax ji.
Mboolem dëkki Yuda lañu wër, di jàngal
askan wa.
10 Tiitaange ju Aji Sax ji sabab nag
dikkal mboolem nguuri réew yi séq Yuda,
ba tax songuñu Yosafat xare.
11 Ay Filisteen itam di indil Yosafat ay
may akub xaalis akub galag, Arab ya sax
indil ko ay gàtt: ay kuuy, juróom ñaari
junni ak juróom ñaari téeméer (7 700); ak ay
sikket, juróom ñaari junni ak juróom ñaari
téeméer (7 700).
12 Yosafat gën di màgg, ba kawe lool. Ci
biir loolu mu tabax ca Yuda ay këri buur
ak dëkki dencukaay.
13 Ay denc yu takku la amoon fa dëkki
Yuda, ak niti xarekat, jàmbaari xare yu am
doole fa Yerusalem.
14 Ñii nag lañu limal ñooñu, na ñu bokke
seeni kër maam:
Ci wàllu Yuda, njiiti junni ya, ñoo di njiit
la Atna, ma jiite ñetti téeméeri junniy
(300 000) jàmbaari xare yu am doole.
15 Mu feggook njiit la Yoxanan, ma jiite
ñaari téeméer ak juróom ñett fukki junniy
(280 000) góor.
16 Kooku feggook doomu Sikkri,
Amasiya ma yebul boppam ci liggéeyu Aji
Sax ji. Moo jiite ñaari téeméeri junniy
(200 000) jàmbaari xare.
17 Ci wàllu Beñamin, ñeyu xare ba Elyada
moo jiite ñaari téeméeri junni (200 000) ñu
gànnaayoo xalaaki fitt ak pakk.
18 Mu feggook Yewosabàdd ma jiite
téeméer ak juróom ñett fukki junni
(180 000) ñu gànnaayu.
19 Ñooñu ñoo yoroon ndénkaaneb buur bi,
te bokkewul ak ña mu tegoon ca dëkk ya
tata wër, ca mboolem Yuda.

## 18

*Mise jottali na kàdduy waxyu jëme ci Axab*

1 Yosafat amoon na alal ak daraja ju
bare. Moo lëngoo ak Axab, ci kaw séy bu
mu amal diggante kenn ci waa këram ak
waa kër Buur Axab.
2 Ñu teg ca ay at, mu dikk seetsi Axab ca
Samari. Axab reyal ko ay gàtt ak nag yu
bare, mook topp ma mu àndal. Ci biir loolu
mu soññ ko ci ànd ak moom, ngir songi
Ramot ga ca Galàdd.
3 Axab buurub Israayil ne Yosafat
buurub Yuda: «Xanaa dinga ànd ak man ca
xareb Ramot ga ca Galàdd?» Mu ne ko:
«Maa ngi, yaa ngi; te say nit laak samay nit.
Maak yaw la ca xare ba.»
4 Yosafat teg ca ne buurub Israayil:
«Njëkkala seet lu ci Aji Sax ji wax.»
5 Buurub Israayil woo yonent yi, ñu
daje, di ñeenti téeméer (400). Mu laaj leen
ne leen: «Ndax nu songi xare Ramot ga ca
Galàdd, am nu bàyyi?» Ñu ne ko: «Demal,
ndax Yàlla moo leen di teg ci sa loxo.»
6 Yosafat dellu ne: «Xanaa beneen
yonentu Aji Sax ji da fee amatul, ba ñu
mana seetlujeeti fa moom?»
7 Buurub Israayil ne Yosafat: «Am na ba
tey genn góor gu ñu mana seetal ci Aji Sax
ji. Waaye man maa ko jéppi, ndax du
jottali ci man kàdduy waxyu yu baax. Bés
bu nekk, lu bon rekk. Mise la, doomu
Yimla.» Yosafat ne ko: «Buur, bul waxe
noonu.»
8 Buurub Israayil daldi woo ab jawriñam
ne ko: «Gaawal dem indil ma Mise doomu
Yimla.»
9 Buurub Israayil ak Yosafat buurub
Yuda nag, ña nga toog, ku ci nekk ci
ngànguneem. Ña nga solu ba jekk, toog ca
dàgga ja ca buntu Samari. Yonent yépp
janook ñoom, di biral ay kàdduy waxyu.
10 Cedesyas doomu Kenaana, ma woon
ci seen biir, fekk na mu defarlu ay béjjéni
weñ. Ma nga naan: «Aji Sax ji dafa wax ne:
“Yii ngay jame waa Siri, ba jeexal leen.”»
11 Mboolem yonent ya ca des nag di
waxe genn kàddug waxyu googu, naan:
«Buur, songal Ramot ga ca Galàdd te jël
ndam li, ndax Aji Sax ji moo leen teg ci say
loxo.»
12 Ci kaw loolu ndaw la woowi Mise,
dem ne ko: «Ma ne, kàddug yonent ya genn
la, mooy jàmmu Buur. Kon nag, na sa

kàddu ànd ak seen kàddu di genn, te nga
wax jàmm.»
13 Mise ne ko: «Giñ naa ci Aji Sax ji, Kiy
dund, li ma Aji Sax ji sama Yàlla wax rekk
laay wax.»
14 Ba Mise dikkee ba ca Buur, Buur ne
ko: «Mise, ndax nu songi xare Ramot ga ca
Galàdd, am ma bàyyi?» Mu ne ko:
«Songleen, daanee waay, dees na leen teg ci
sa loxo.»
15 Buur nag ne ko: «Ñaata yoon laa lay
giñloo ne la bu ma wax lu moy dëgg ci turu
Aji Sax ji?»
16 Mise ne ko:
«Israayil gépp laa gis ñu tasaaroo ca kaw
tund ya,
mbete xar yu amul sàmm.
Aji Sax ji ne: "Ñii de amuñu boroom.
Na ku nekk ci ñoom ñibbi këram ci jàmm."»
17 Buurub Israayil nag ne Yosafat:
«Waxuma la woon ne du jottali kàdduy
waxyu yu baax ci man, xanaa lu bon
rekk?»
18 Mise teg ca ne ko: «Kon nag dégluleen
kàddug Aji Sax ji. Aji Sax ji laa gis mu toog
ci ngànguneem, mboolem gàngooru
asamaan a nga taxaw, ndijooram ak
càmmoñam.
19 Aji Sax ji nag ne: "Ana kuy nax Axab
buurub Israayil, mu songi Ramot ga ca
Galàdd, ba daanu ca?" Kii ne nii, kee ne
nee.
20 Kenn ci gàngoor ga dikk, taxaw fa
kanam Aji Sax ji. Mu ne: "Man maa koy
nax." Aji Sax ji ne ko: "Nan?"
21 Mu ne: "Maay dikk, doon leer guy
safaan dëgg ci làmmiñu yonentam yépp."
Mu ne ko: "Yaa koy nax, te man nga ko.
Demal defe noonu."
22 Looloo waral lii. Aji Sax ji moo def
leer guy safaan dëgg ci sa làmmiñu yonent
yii, te Aji Sax ji moo tudd musiba ci sa
kaw.»
23 Ba loolu amee Cedesyas doomu
Kenaana talaata Mise, ne ko: «Ana wan
yoon la leerug waxyu gu Aji Sax ji jaare,
ba jóge ci man, di wax ak yaw?»
24 Mise ne ko: «Yaw mii yaa koy gisal sa
bopp, keroog ba ngay dugg néegoo néeg, di
làqtu.»
25 Buurub Israayil nag ne: «Jàppleen
Mise, yóbbu ko ca Amon boroom dëkk bi
ak ca Yowas doomu Buur*.
26 Ngeen ne ko: "Buur dafa wax ne:
Dugalleen kii kaso, di ko jox lekk gu néew
ak ndox mu néew, ba keroog may délseek
jàmm."»
27 Mise ne: «Soo délseek jàmm déy, Aji Sax
ji waxul, ma jottali.» Mu dellu ne:
«Mbooloo mi, yeena ko déggandoo, yeen
ñépp.»

### *Rey nañu Axab ca Ramot Galàdd*

28 Ba mu ko defee buurub Israayil ànd
ak Yosafat buurub Yuda, ñu dem songi
Ramot ga ca Galàdd.
29 Buurub Israayil nag ne Yosafat:
«Damay soppi col, dugg ci xeex bi, waaye
yaw solal sa mbubbam buur.» Buurub
Israayil soppig col, ñu dugg ca xeex ba.
30 Fekk na buurub Siri jox ndigal ñay
jiite watiiri xare ya. Mu ne leen: «Buleen
xeex ak kenn, du ku tuut, du ku réy,
diirleen buurub Israayil, moom rekk.»
31 Ba loolu amee ña jiite watiiri xare ya
gis Yosafat, daldi ne: «Kii mooy buurub
Israayil!» Ñu walbatiku ci kawam, ngir
song ko. Yosafat nag woote wall, Aji Sax ji
dimbali ko, wañňi leen.
32 Njiiti watiir ya xam ne du buurub
Israayil, ñu walbatikuwaat, bàyyi ko.
33 Ci biir loolu mu am ku soqi ag fitt te
teyu ko, mu dal buurub Israayil ci
diggante ñaari wàlli pakk bi mu sol. Mu ne
dawalkatu watiir ba: «Wañňikul, génne ma
ci xeex bi, gaañu naa!»
34 Naka la xare ba tàkkarnaase bésub
keroog bépp, buurub Israayil taxaw jonn
rekk ca watiir ba, janook waa Siri, ba jant
bay so, mu doora dee.

## 19

1 Gannaaw loolu Yosafat buurub Yuda
dellu ak jàmm këram ca Yerusalem.
2 Yewu doomu Anani boroom peeñu ba
nag dikk, dajeek Buur Yosafat, ne ko: «Nit
ku bon, dees na ko wallu? Am ñi bañ Aji
Sax ji, sopp leen war na la? Li nga def tax
na am sànj dal ci sa kaw, bawoo fa Aji Sax
ji.

* **18.25 *doomu Buur*** daa nañu ko woowe ndawal buur lu sasoo lenn ci liggéeyu ëttu buur bi.

3 Teewul nag gisees na jëf ju baax ci
yaw; yaa jële ci réew mi, xer yi ñuy jaamoo
Asera tuur mi, te it ci jaamu Yàlla nga
saxal sam xel.»

*Yosafat tabb na ay àttekat*

4 Yosafat toog na Yerusalem ab diir,
waaye dellu naa génn, dem ca biir askan
wa, dale Beerseba ba diiwaanu tundi
Efrayim, ba wañño leen ci Aji Sax ji seen
Yàllay maam ya.
5 Ay àttekat la tabb ca réew ma, mboolem
dëkki Yuda ya tata wër, dëkkoo dëkk.
6 Mu ne àttekat ya: «Xoolleen bu baax li
ngeen di def, ndax kat du doom aadama
ngeen di àtteel, waaye Aji Sax ji ngeen di
àtteel, te mooy ànd ak yeen ci mbirum àtte
mu mu doon.
7 Kon nag na ragal Aji Sax ji di ab téeñ ci
seen kaw. Moytuleen li ngeen di def, ndax
Aji Sax ji sunu Yàlla kat xajoowul gennug
njubadi akug par-parloo akub ger.»
8 Ca Yerusalem itam, gannaaw ba ñu fa
dellusee, Yosafat tabb na fa ñenn ci ay
Leween aki sarxalkat ak ñenn ca ña jiite
seeni kër maam ca Israayil, ngir ñuy àtte
àtteb Aji Sax ji ak lijjanti ay jote.
9 Mu sant leen ne leen: «Nii ngeen di jëfe
ci biir ragal Aji Sax ji ak worma ak xol bu
dëggu ba mat sëkk:
10 mépp mbir mu leen dikkal, bawoo ci
seeni bokk ca dëkk ya ñu dëkke, muy
mbirum deret ju ñu tuur ak jote bu jëm ci
ndigalu yoon ak ab santaane ak dogali
yoon ak àttey yoon, nangeen leen artu ngir
ñu bañ cee tooñ Aji Sax ji, ba am sànj di dal
ci seen kaw yeen ak ci kaw seeni bokk.
Noonu ngeen di def, ba dungeen tooñ.
11 Sarxalkat bi Amarya miy njiitu
sarxalkat nag, moo leen fare kaw ci
mboolem mbirum Aji Sax ji. Sebaja
doomu Ismayel, njiitu kërug Yuda, fare
leen kaw ci mboolem mbirum buur,
bindkat yi leen di taxawu di Leween ñi.
Dëgërluleen te liggéey. Yal na Aji Sax ji ànd
ak ku ciy def lu baax.»

# 20

*Yosafat duma na Mowab ak Amon*

1 Gannaaw ba loolu wéyee, Mowabeen
ña ak Amoneen ña, ñook ñenn ca
Mewuneen ña ñoo dikk song Yosafat xare.
2 Ay ndaw dikke Yosafat xibaar ne ko:
«Fi sa kaw de, la gàngoor gu mag jëm,
bawoo wàllaa géeju Xorom ga, fa Edom. Ña
nga noonu ca Acacon Tamar, maanaam
Engedi.»
3 Tiitaange nag jàpp Yosafat, mu fas ci
yéenee tinu Aji Sax ji. Ci biir loolu mu
yéene koor ci Yuda gépp.
4 Ci kaw loolu Yuda gépp daje ngir ñaan
Aji Sax ji, mboolem dëkki Yuda lañu jóge
ngir saraxu Aji Sax ji.
5 Ba mu ko defee Yosafat taxaw fa
mbooloom Yuda ak Yerusalem, fa biir kër
Aji Sax ji, janook ëtt bu bees ba.
6 Mu ne:
«Aji Sax ji sunu Yàllay maam, xanaa du
yaay Yàlla ja fa asamaan, te yaay buur bi
tiim mboolem nguuri xeet yi? Sa loxoo am
doole ak kàttan, te kenn tëwu la.
7 Xanaa du yaw sunu Yàlla yaa dàq ñi
dëkke woon réew mii, fi kanam Israayil sa
ñoñ, ba jox ko sa askanu xarit, Ibraayma,
ba fàww?
8 Ñu dëkk fi, tabaxal la fi béreb bu sell
ngir sa tur, ba ne:
9 "Su musiba dikkee ci sunu kaw, muy
saamar mbaa mbugal mbaa mbas mbaa
ab xiif, ba nu taxaw fi kanam kër gii ak fi
sa kanam, ndax kat sa tur a ngi ci kër gii,
su boobaa su nu yuuxoo, woo la wall,
nanga nu nangul, wallu nu."
10 «Léegi nag xoolal ñii di waa Amon ak
Mowab ak tundu Seyir, réew yooyee nga
mayul woon Israayil ñu jaare fa, ba ñu
bàyyikoo réewum Misra, ba tax ñu teggi
leen, ba faagaagaluñu leen.
11 Ñooñoo ngii feyewuñu nu, lu moy dikk
ngir dàqe nu ci sa céru suuf bi nga nu
moomale!
12 Éy sunu Yàlla, xanaa doo leen ñàkka
dikke mbugal mi ñu yelloo, nde nun kat
amunu dooley jànkoonteek gàngoor gu réy
gii dikk ci sunu kaw. Nun nag danoo
xamul nu nuy def, te yaw kat lanu ne jàkk
sunuy gët.»
13 Yuda gépp a nga taxaw fa kanam Aji
Sax ji, ñook seen njaboot gu sew, seeni
jabar ak seeni doom.

14 Ci biir loolu leerug Aji Sax ji wàcc fa
digg mbooloo ma, ca kaw jenn waay ju
sëtoo ci Asaf, di Yaxasyel. Yaxasyel
moomu, Sàkkaryaa mooy baayam;
Sàkkaryaa, Benaya mooy baayam; Benaya,
Yewel ay baayam; Yewel, Matañа Leween
ba mooy baayam.
15 Yaxasyel ne: «Yeen waa Yuda gépp ak
waa Yerusalem ak yaw Buur Yosafat,
teewluleen. Aji Sax ji da leena wax ne
leen: "Yeen buleen tiit, buleen ragal
gàngoor gu réy gii, ndax xare bi du yeena
ko moom, xareb Yàllaa.
16 Ëllëg dalleen ci seen kaw, ñu ngoogu
jaare yéegub Cicc di dikk. Ca catal wal ma
ngeen di dajeek ñoom, fa janook màndiŋu
Yerwel.
17 Du yeenay xare bii xare. Dikkleen
taxaw ba gis ndamal Aji Sax jeek yeen.
Yeen waa Yuda ak Yerusalem, buleen tiit,
buleen ragal. Ëllëg génnleen dajeek ñoom,
Aji Sax ji mooy ànd ak yeen."»
18 Ba loolu amee Yosafat sukk, dëpp jëëm
fa suuf. Mboolem Yuda ak waa Yerusalem
ne gurub sukk fa kanam Aji Sax ji, ngir
sujjóotal Aji Sax ji.
19 Ba mu ko defee Leween ña bokk ca
làngu Keyat ak làngu Kore daldi jóg, di
sàbbaale baat bu réy te kawe, ñeel Aji Sax ji
Yàllay Israayil.
20 Ca ëllëg sa ñu teela xëy, génn, jëm
màndiŋu Tekowa. Bala ñoo dem nag
Yosafat taxaw, ne: «Yeen Yuda ak waa
Yerusalem gépp, gëmleen seen Yàlla Aji Sax
ji, seen taxawaay dëgër; gëmleen ay
yonentam, seen pexe sotti.»
21 Ba loolu wéyee Yosafat féncoo ak
askan wa, ba noppi tabb ay woykat ngir
woy Aji Sax ji, di ko sàbbaal ndax li mu
gànjaroo sellaay, te ñu jiitu boroom
ngànnaay yi, naan:
«Santleen Aji Sax ji,
kee saxoo ngoram ba fàww.»
22 Naka lañu tàmbalee sarxolle aka
sàbbaal, Aji Sax ji teg ay tërukat ci kaw niti
Amon ak Mowab ak waa tundu Seyir, ña
songsi Yuda. Ba loolu amee dees leena
duma.
23 Waa Amon ak waa Mowab ñoo jóg dal
ci kaw waa tundu Seyir, faagaagal leen,
bóom leen. Ba ñu noppee ca waa Seyir,
lañu tàmbalee songoo ca seen biir, ku nekk
dal ca moroom ma, ngir rey ko.
24 Ba Yudeen ña agsee ca wattukaay ba
ñu mana séentoo màndiŋ ma, ba dawal
seen bët fa gàngoor ga nekkoon, gisuñu lu
moy ay néew yu ne wetar fa suuf, kenn
rëccul.
25 Yosafat ak gàngooram nag dikk ngir
sëxëtoo seen alal. Fekk nañu fa lu bare ci
alal, ay yére ak ay gànjar. Dañoo jël a jël ba
manuñoo yóbbu la ñu jël lépp. Ñetti fan lañu
sëxëtoo cëxëtoo ma, ndax na mu baree.
26 Keroog ca gannaawaati ëllëg sa, di
bésub ñeenteel ba, ñu daje ca xuru Beraka.
Ñu daldi fay sant Aji Sax ji. Moo tax ñuy
woowe béreb boobu, ba tey jii xuru
Beraka (muy firi Cant).
27 Ba mu ko defee mboolem niti Yuda ak
Yerusalem walbatiku, Yosafat jiitu leen,
ngir dellu Yerusalem, ànd ak mbég, ndax
Aji Sax jee leen bànneexal ca seeni noon.
28 Ay xeeti xalam aki liit lañu duggsee
Yerusalem, ba agsi ca kër Aji Sax ji.
29 Ba loolu wéyee, tiitaange ju Aji Sax ji
sabab moo dikkal mboolem nguuri réew
yi, ba ñu déggee ne Aji Sax ji moo xareek
nooni Israayil.
30 Nguurug Yosafat nag dal, Yàllaam may
ko noflaay fa ko wër fépp.

## *Nii la nguurug Yosafat jeexe*

31 Noonu la Yosafat nguuroo fa Yuda.
Amoon na fanweeri at ak juróom ba muy
falu, te ñaar fukki at ak juróom la falu ca
Yerusalem. Yaayam moo doon Asuba
doomu Silxi.
32 Yosafat ci tànki baayam Asa la aw,
jàddul fenn, xanaa di def njub gi Aji Sax ji
rafetlu.
33 Waaye jëleesu fa bérebi jaamookaay
ya. Askan wa nag defaguñu woon seen xel
ba tey ci seen Yàllay maam.
34 Li des ci mbiri Yosafat, yu njëkk yaak
yu mujj ya, ña nga noonu binde ci kàdduy
Yewu doomu Anani, ya ñu bind ca téereb
buuri Israayil.
35 Gannaaw gi la Yosafat buurub Yuda
lëngoo ak Axasya buurub Israayil ma daan
jëfe jëf ju bon.

36 Bëgga defarlu ay gaal yu jëm Tarsis
nag moo taxoon mu lëngook moom. Ca
Eccon Geber lañu defare gaal ya.
37 Teewul Elyeser doomu Dodawa mu
Maresa jottali kàdduy waxyu yu dal
Yosafat. Mu ne ko: «Gannaaw yaa lëngoo ak
Axasya, Aji Sax ji mooy yàq say liggéey.» Ci
kaw loolu gaal ya yàqu, ba manatuñoo
dem Tarsis.

# 21

1 Gannaaw gi, Buur Yosafat saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko fa ñu denc ay
maamam ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda. Yexoram doomam moo falu
buur, wuutu ko.
2 Yexoram amoon na ñu mu bokkal seen
baay Yosafat: ñooñooy Asaryaa ak Yexyel
ak Sàkkaryaa ak Asaryawu ak Mikayel ak
Sefatiya. Ñooñu ñépp di doomi Yosafat
buurub Israayil*.
3 Lu bare la leen seen baay mayoon ci
wàllu xaalis ak wurus ak gànjar, boole ci ay
dëkk yu tata wër ca biir Yuda. Nguur ga
nag, mu jox ko Yexoram, ndax moo doon
taaw.

### *Lu jëm ci nguurug Yoram*

4 Ba Yexoram jëlee nguurug baayam, ba
dëju bu baax, doomi baayam yépp la jam
saamar ñu dee, ñook ñenn ca njiiti Israayil.
5 Fanweeri at ak ñaar la Yexoram amoon
ba muy falu buur, te juróom ñetti at la
nguuru fa Yerusalem.
6 Tànki buuri Israayil la topp, waa kër
Axab la roy, ndax doomu Axab la jël jabar,
di def li Aji Sax ji ñaawlu.
7 Waaye Aji Sax ji bëgguloona tas kër
Daawuda, ndax kóllëre ga mu fasoon ak
Daawuda, ak la mu ko digoona jafalal
seen nguur, moom aki doomam, ni jum
bu dul fey.
8 Ca jamonoy Yexoram la Edomeen ña
fippu, bañ moomeelu Yuda, ba fal seen
buuru bopp.
9 Gannaaw loolu Yexoram aki jawriñam
yóbbaale watiiri xareem yépp. Moo jóg ag
guddi, dal ca kaw Edomeen ña leen
gawoon, moom ak njiiti watiiri xareem.
10 Edomeen ñaa ngi bañ moomeelu Yuda
ba tey jii. Jant yooyu itam la waa dëkk ba
ñuy wax Libna fippu, ndax Yexoram moo
wacc Aji Sax ji Yàllay maamam.
11 Moom moo sàkk ay bérebi jaamookaay
ca tundi Yuda, moo bokkaaleloo waa
Yerusalem, te moo lajjal Yuda.
12 Ab bataaxal bu bàyyikoo fa Yonent
Yàlla Ilyaas nag dikkal Yexoram, ne ko:
«Aji Sax ji sa Yàllay maam Daawuda dafa
wax ne: Gannaaw toppuloo tànki Yosafat
sa baay ak tànki Asa buurub Yuda,
13 xanaa nga topp tànki buuri Israayil,
ndax yaa bokkaaleloo waa Yuda ak waa
Yerusalem, noonee waa kër Axab daan
bokkaalee, te itam sa waa kër baay, sa
doomi baay yi la gën, yaw yaa leen rey,
14 Aji Sax jaa ngii di dumaa mbas mu réy
saw xeet, ak say doom ak say jabar ak
mboolem sa alal.
15 Yaw ci sa bopp lay dumaa wopp yu
aay, woppi butit, ba say butit di génn, ndax
aayteefu wopp jay màgg, bés ak bés.»
16 Aji Sax ji teg ca xabtal waa Filisti ak
itam Arab ya dendeek Kuuseen ña ci kaw
Yexoram.
17 Ñu dikk fa kaw Yuda, bëtt
kaaraangeem, nangu mboolem alal ja ñu
fekk kër buur ak itam doomam yu góor ak
ay jabaram, ba desewul doom ju moy
Axasya† ma gëna tuut ca doomam yu góor.
18 Gannaaw loolu yépp, Aji Sax ji dóore
ko jàngoroy butit ju amul paj.
19 Jamono di dox ba ñu xawa tollu ca
ndeetel ñaareelu at ma, butit ya génn ndax
wopp ja, mu deewe mitit yu tar. Askanam
nag taaluñu ab taal bu ñu ko sargale, na ñu
ko taalale woon ay maamam.
20 Fanweeri at ak ñaar la Yexoram
amoon ba muy falu buur, te nguuru na
juróom ñetti at fa Yerusalem. Moo dëddu te
kenn tiisluwu ko. Ca gox ba ñu naan Kër
Daawuda lañu ko denc, waaye denceesu
ko fa bàmmeeli buur ya.

# 22

### *Lu jëm ci nguurug Axasya*

1 Waa Yerusalem nag fal buur Axasya,
doomam ja gëna tuut, mu wuutu ko, ndax

* **21.2** ***Israayil*** gii ñu wax, mooy Yuda, ni ñu ko faral di woowe ci *2.Jaar-jaar ya.* † **21.17** ***Axasya*** ak Yowaxas, kenn ki la.

fekk na mboolem ay magam, gàngooru
yàqkat ga àndoon ak Arab ya dikk ca dal ba,
rey leen. Noonu la Axasya doomu
Yexoram faloo buurub Yuda.
2 Ñaar fukki at ak ñaar la Axasya amoon,
ba muy falu buur, te menn at la nguuru fa
Yerusalem. Atalyaa mooy yaayam, sëtub
Buur Omri.
3 Moom itam tànki waa kër Axab la topp,
ndax yaayam moo doon xelal, di ko xiir ci
jëf ju bon.
4 Li Aji Sax ji ñaawlu la daan def ni waa
kër Axab, ndax gannaaw deewug baayam,
ñooñoo ko doon xelal, mu dig sànkuteem.
5 Seenub digle it la topp, ba ànd ak
buurub Israayil Yoram doomu Axab,
xarejeek Asayel buurub Siri, ca Ramot
Galàdd. Waa Siri jam Yoram.
6 Mu walbatiku fajuji fa Yisreel, ndax
jam-jam ya ñu ko jam fa Raama, ba muy
xareek Asayel buurub Siri. Axasya
buurub Yuda nag dem seeti Yoram doomu
Axab fa Yisreel ndax jagadeem ja.
7 Waaye booba Yàllaa dogal jéllub Axasya
jaare ca yoon wa muy dem di seeti Yoram.
Ba mu agsee, Yoram la àndal dem seeti
Yewu doomu Nimsi ma Aji Sax ji tabboon,
ngir mu foq nguurug waa kër Axab.
8 Yewu nag nekk ca liggéeyam, ngir sottal
àtteb waa kër Axab. Ci biir loolu mu gis
jawriñi Yuda ak doomi magi Axasya yay
taxawu Axasya. Yewu daldi leen rey.
9 Ba loolu amee mu yónnee ñu ko wëral
Axasya, ba jàppe ko fa Samari ga mu làqu
woon. Ñu indi ko ca Yewu, daldi koy rey.
Waaye dencees na ko, ndax booba dañu
ne Axasya mooy sëtub Yosafat ma daan
jaamoo Aji Sax ji léppi xolam. Gannaaw
loolu nag amul woon kenn ku bokk ca kër
Axasya ku amoon dooley yor nguur ga.

### *Atalyaa foqati na nguurug Yuda*

10 Ci kaw loolu Atalyaa yaayu Axasya
xam ne doomam ju góor dee na, mu daldi
bóom mboolem ku bokk ci askanu nguur
gu waa kër Yuda.
11 Teewul Yoseba doomu Buur ju jigéen
jàpp Yowas, doomu Axasya ju góor, jële ko
ca biir doomi buur ya ñuy fexee rey,
rawale ko. Ci kaw loolu mu boole kook ab
nàmpalkatam, dugal cib néegu
fanaanukaay. Jigéenub Axasya, Yoseba
doomu Buur Yexoram, soxnas Yoyada
sarxalkat ba, noonu la làqe Atalyaa,
Yowas, ba Atalyaa reyu ko.
12 Yowas nekk naak ñoom fa kër Yàlla ga,
làqu fa juróom benni at, te Atalyaa di
nguuru fa réew ma.

## 23

### *Yuda fippu na ca kaw Atalyaa*

1 Ca atum juróom ñaareel ma Yoyada
sarxalkat ba moo takku fitam, daldi woo
njiiti téeméeri dag yii ci kóllëre gu ñu
fasook moom: Asaryaa doomu Yeroxam
ak Ismayel doomu Yoxanan ak Asaryaa
doomu Obedd ak Maaseya doomu Adaya
ak Elisafat doomu Sikkri.
2 Ñu wër Yuda, woo Leween ña, ñu
bàyyikoo mboolem dëkki Yuda, woo ña jiite
seeni kër maam ca Israayil, ñu bokk dajesi
fa Yerusalem.
3 Ci kaw loolu mbooloo ma mépp fasoo
ak buur ba kóllëre fa kër Aji Sax ji. Yoyada
ne leen: «Yowas a ngii kat, di doomu Buur,
te moo wara nguuru noonee ko Aji Sax ji
waxe woon ci mbirum doomi Daawuda.
4 Li ngeen di def mooy lii: Yeen
sarxalkat yeek Leween ñi aye liggéey
bésub Noflaay, na seen xaajub ñetteel
féetewoo wattu bunt yi.
5 Beneen xaajub ñetteel ba nekk ca kër
buur, xaajub ñetteel ba ca des féete fa
buntub Fondmaa ba. Mbooloo mi mépp
nag nekk ci ëtti kër Aji Sax ji.
6 Bu kenn dugg ci kër Aji Sax ji, xanaa
sarxalkat yeek Leween ña fay liggéey.
Ñooñu ñoo fay dugg, ndax dees leena
sellal. Waaye mboolem askan wi ci des
nañu dégg ndigalu Aji Sax ji.
7 Leween ñiy dar Buur, nañu ko fege wet
gu nekk, ku nekk ŋàbb ngànnaayam. Képp
ku jëm ci kër gi, dees koy rey. Àndleen ak
Buur ak fu mu mana jëm.»
8 Ci kaw loolu Leween ña ak Yuda gépp
def mboolem la leen Yoyada sarxalkat ba
sant. Ku nekk ànd ak say nit, ña aye bésub
Noflaay ak ña wàcc bésub Noflaay, ndax
Yoyada sarxalkat ba noppalul genn kuréel.
9 Ba loolu amee, Yoyada sarxalkat ba jox
njiiti kuréeli téeméer ya, xeej yaak pakki

Buur Daawuda ya nekkoon ca biir kër
Yàlla ga.
10 Mu taxawal nag kuréel gépp, ku nekk
ŋàbb ngànnaayam, ñu dare kër Yàlla ga ak
sarxalukaay ba, wetu ndijoor ba wetu
càmmoñ, ngir yéew buur ba.
11 Ñu génne doomu buur ba nag, solal ko
mbaxanam buur, jox ko kayitu doxalinu
nguur ga. Ci kaw loolu Yoyada ak doomam
yu góor fal ko buur, diw ko diwug pal, ñu
daldi tàccu, ne: «Guddaluw fan, Buur!»

### *Bóom nañu Atalyaa*

12 Ba Atalyaa déggee coowal mbooloo
may daw aka kañ buur ba, daa àgg ca
mbooloo ma, fa kër Aji Sax ji.
13 Mu xool, yem ci buur ba taxaw fa
kenoom ga, ca bunt ba, kilifay xarekat
yaak boroom liit ya dar Buur, waa réew
ma mépp di bànneexooka wal liit ya,
woykat ya yor jumtukaayi xumbéen ya,
jiite woy ya. Atalyaa nag ne tareet ay
yéreem ndaxu naqar, daldi ne: «Wor am
naay, wor am na!»
14 Ci kaw loolu Yoyada sarxalkat ba
yebal njiiti kuréeli téeméer ya, kilifay
gàngoor ga, ne leen: «Génneleen ko làng gi,
te ku ko topp, dees koy jam saamar, mu
dee.» Fekk na Yoyada ne buñu ko rey ci
biir kër Aji Sax ji.
15 Ba mu ko defee ñu teg ko loxo. Ba mu
demee ba àgg kër buur, bay tollook fa fas
yay dugge, foofa lañu ko reye.

### *Yoyada indi na ay coppite*

16 Ba loolu amee Yoyada digoo kóllëre
digganteem moom ak askan wépp ak
Buur, ngir ñu doon ñoñi Aji Sax ji.
17 Ci kaw loolu waa réew ma mépp ànd
dem ca kër ga ñuy jaamoo Baal. Ñu màbb
ko; ay sarxalukaayam ak jëmmi nataalam,
ñu tas; Matan, sarxalkatu Baal ba, ñu rey
ko ca kanam sarxalukaay ya.
18 Ci biir loolu Yoyada teg wattub kër Aji
Sax ji ci loxoy sarxalkat yiy Leween.
Daawuda moo defoon ñooñu ay kuréel ci
kër Aji Sax ji, ngir ñuy joxe saraxi
rendi-dóomali Aji Sax ji, noonee ñu ko
binde ci yoonu Musaa, te ñu war koo def ci
biir bànneex aki woy, na ko Daawuda
diglee woon.
19 Mu taxawal nag fara bunt ya ca bunti
kër Aji Sax ji, ba ku sobewu ci lu mu mana
doon, du dugg.
20 Ba loolu amee mu dellu woo njiiti
téeméeri nit yaak garmi yaak kàngam ya
yilif askan wa. Mu jële Buur kër Aji Sax ji,
ñu jaare nag ca buntub Kaw ba, ba àgg kër
buur, daldi koy toogal ca ngànguney nguur
ga.
21 Waa réew mépp di bànneexu. Péey ba
am jàmm ndax la ñu jam Atalyaa saamar
ba mu dee.

## 24

### *Yowas defaraat na kër Yàlla ga*

1 Juróom ñaari at la Yowas amoon ba
muy falu buur. Ñeent fukki at la nguuru fa
Yerusalem. Yaayam mooy Cibya ma
cosaanoo Beerseba.
2 Giiru dundu Yoyada sarxalkat ba, li Aji
Sax ji rafetlu la Yowas daan def.
3 Yoyada nag moo ko jëlal ñaari jabar, mu
am ca doom yu góor ak yu jigéen.
4 Gannaaw gi, xelum Yowas nekk ci
yeesal kër Aji Sax ji.
5 Mu woo sarxalkat ya ak Leween ña, ne
leen: «Wërleen dëkki Yuda, ngeen jële ci
mboolem Israayil, xaalis bi doy cim at,
ngir jagal seen kër Yàlla. Yeen nag, defleen
lu gaaw ci mbir moomu.» Ba loolu amee
taxul Leween ña def lu gaaw.
6 Buur daldi woolu Yoyada, sarxalkat bu
mag ba, ne ko: «Ana lu waral sàkkuwuloo ci
Leween ñi, ñu jëleji Yuda ak Yerusalem
galag bi Musaa jaamu Aji Sax ji ak
mbooloom Israayil laaj, ngir xaymab
ndaje mi?
7 Ndax kat niti Atalyaa jigéen ju bon ji,
ñoo bëtt kër Yàlla gi, te it mboolem
jumtukaayi kër Aji Sax ji lañu def ci tuur yi
ñuy wax Baal.»
8 Buur nag joxe ndigal, ñu sàkk ag gaalu
dencukaay, teg ko fa bunt kër Aji Sax ji ca
biti.
9 Ci kaw loolu ñu yéene fa Yuda ak
Yerusalem, ne ñu indil Aji Sax ji galag ba
Musaa jaamub Yàlla ba tegoon Israayil ca
màndiŋ ma.
10 Kilifa yaak askan wa wépp bége ko,
daldi indib xaalis, sànni ca gaal ga ba mu
fees.

11 Bu ñu demee ba indil gaal ga caytug
buur ga ca loxol Leween ña, bu ñu gisee
xaalis ba bare, bindkatub buur mooy
dikk, mook ndawal sarxalkat bu mag ba,
ñu sotti gaal ga, jël ko, delloo fa bérebam.
Noonu lañu jàppoo bés bu nekk, ba dajale
xaalis bu bare.
12 Buur ak Yoyada jox ko ña yor liggéey
ba tabaxaatub kër Aji Sax ji laaj, ñu jël ay
yattkati doj, ak liggéeykati bant, ngir
yeesal kër Aji Sax ji, ak itam ay liggéeykati
weñ ak xànjar, ngir jagal kër Aji Sax ja.

13 Ña yor liggéey ba di liggéey,
tabaxaatub kër Yàlla ga jëm kanam ca
seeni loxo, ñu daldi yékkati kërug Aji Sax ja,
ci dayoy boppam ya ca war, ba gën koo
dëgëral.
14 Naka lañu noppi, daldi indil Buur ak
Yoyada, ndesu xaalis ba, ñu def ca ay
jumtukaay ngir kër Aji Sax ji: ndabi
liggéeyukaay ak ndabi saraxi rendi-dóomal
aki njaq ak jumtukaayi wurus ak xaalis.
Giiru dundu Yoyada gépp, dañoo saxoo
woon di jébbal saraxi rendi-dóomal ci kër
Aji Sax ji.

15 Yoyada nag dem na ba màggat,
gannaaw ba mu dundee ba doyal aw fan,
doora dee ci téeméeri atam ak fanweer.
16 Ba mu ko defee ñu denc ko ca gox ba
ñuy wax Kër Daawuda, ca bàmmeeli buur
ya, ndax lu baax la mu def ca Israayil, ngir
Yàlla ak kërug Yàlla.

### *Yowas dëddu na Aji Sax ji*

17 Gannaaw deewug Yoyada, njiiti Yuda
ñoo dikk, sujjóotal Buur, daldi fexe ba
Buur dégg seen ndigal.
18 La ca tegu ñu mujj wacc kër Aji Sax ji
seen Yàllay maam, di jaamu ay tuur yu ñuy
woowe Asera ak jëmmi xërëm. Am sànj nag
dal ca kaw Yuda ak Yerusalem ndax seen
tooñ googu.
19 Aji Sax ji yónni ay yonent fa seen biir,
ngir delloosi leen fa moom, Aji Sax ji. Ñu
femmu leen, te taxul ñu teewlu.

20 Ci kaw loolu noowug Yàlla solu
sarxalkat ba, Sàkkaryaa doomu Yoyada.
Mu taxaw janook askan wa, ne leen:
«Yàlla dafa wax ne: Yeen lu tax ngeen di
moy santaaney Aji Sax ji? Dungeen
baaxle, ndax yeena wacc Aji Sax ji, mu
wacc leen.»
21 Ba loolu amee ñu fexeel ko, ba dóor ko
ay doj ba mu dee ca ndigalal Buur, ca ëttub
kër Aji Sax ji.
22 Noonu la Buur Yowas ñàkka bàyyee
xel, ngor ga Yoyada baayu Sàkkaryaa
jëflantee woon ak moom, ba rey doomam.
Ba Sàkkaryaa di waaja dee nag da ne: «Yal
na Aji Sax ji gis te sàkku ag pey.»

23 Ba at ma deewee, gàngooru Siri moo
song Yowas xare. Ñu dikk ba Yuda ca
Yerusalem, daldi faat mboolem kàngami
askan wa, dajale cëxëtoo ma mépp, yónnee
ko seen buur ca Damaas.
24 Nit ñu néew déy la gàngooru Siri indi
woon, waaye Aji Sax ji moo teg ci seen
loxo gàngooru Yuda gu takku lool, ndax
waa Yuda ñoo wacc Aji Sax ji seen Yàllay
maam. Yowas nag, noonu la ko waa Siri
jottalee ay mbugal.
25 Ba ko waa Siri wonee gannaaw,
bàyyee ko mitit yu tar, ay surgay boppam
ñoo ko fexeel, ndax la mu jël bakkanu
doomu Yoyada sarxalkat ba. Ca kaw lalam
lañu ko bóome, denc ko ca gox ba ñu naan
Kër Daawuda, te dencuñu ko ca bàmmeeli
buur ya.
26 Ña fexeel Yowas nag ñoo di Sabàdd ma
yaayam dib Amoneen bu ñuy wax
Simeyat, ak Yewosabàdd ma yaayam di
Mowabeen bu ñuy wax Simrit.

27 Lu jëm ci doomi Yowas yu góor ak
barewaayu àtte ya dal ca kawam ak
defaraatub kër Yàlla ga, ma nga noonu ñu
bind ca faramfàcceb téereb buur ya.
Amaciya doomam moo falu buur, wuutu
ko.

## 25

### *Lu jëm ci nguurug Amaciya*

1 Ñaar fukki at ak juróom la Amaciya
amoon ba muy falu, te ñaar fukki at ak
juróom ñeent la nguuru fa Yerusalem.
Yaayam moo doon Yowadan ma cosaanoo
Yerusalem.
2 Def na njub gi Aji Sax ji rafetlu, waaye
defewu ko pastéefu xol bu mat sëkk.

3 Ba nguur ga demee ba dëgër ñeel ko,
moo bóom jawriñam ña bóomoon Buur
baayam.
4 Waaye seeni doom, bóomu leen, ngir
dëppook la ñu bind ci téereb yoonu Musaa,
te Aji Sax ji santaane ko, ne: «Deesul rey
baay ndax doom te deesul rey doom ndax
baay. Nit ku nekk, bàkkaaru boppam lees
koy reye.»
5 Ci kaw loolu Amaciya woo Yuda, ñu
daje, mboolem góori Yuda ak Beñamin, mu
topp na ñu bokke seeni kër maam, tàbbal
leen noonu ay njiiti kuréeli junni ak njiiti
kuréeli téeméer. Mu lim leen, dale ca góor
ña am ñaar fukki at jëm kaw, ña mu leen
gisal di ñetti téeméeri junniy (300 000) góor
ñu xare war, te ñu mane ab xeej akub
pakk.
6 Mu boole ca jël téeméeri junniy
(100 000) ñeyi xarey Israayil ñu am doole,
fey leen lu wara tollook ñetti junni kiloy
xaalis ak liibar (3 500).
7 Ba loolu amee genn góorug Yàlla dikk
ba ca moom ne ko: «Buur, bu gàngooru
Israayil ànd ak yaw, ndax Aji Sax ji àndul
ak Israayil, àndul ak kenn ci Efraymeen
ñi.»
8 Soo àndee ak ñoom dem déy, defal loo
man te góor-góorlu ca xare ba, Yàlla moo
lay daane fa kanam noon ba, ndax Yàllaa
mana walloo, moo mana daaneel.
9 Amaciya ne góorug Yàlla ga: «Ana lees
di def nag ak ñetti junniy kiloy xaalis ak
genn-wàll (3 500) yi ma fey gàngoori
Israayil?» Góorug Yàlla ga ne ko: «Aji Sax ji
man na la may lu ko ëpp fuuf.»
10 Ba loolu amee Amaciya beddi gàngoor
ga ko fekksi te bawoo fa Efrayim, ngir ñu
ñibbi. Seen xol nag tàng lool ca Yuda, ñu
ñibbee xol bu tàng.
11 Ba mu ko defee Amaciya takku fitam,
jiite gàngooram, dem xuru Xorom wa, rey
fa fukki junniy niti Seyir.
12 Ñeneen fukki junni ca ñoom, Yudeen
ña jàpp leen ñuy dund, ñu yéege leen ci aw
doj ba ca kaw. Ca njobbaxtalu doj wa lañu
leen sànnee, ñu rajaxoo, ñoom ñépp.
13 Niti gàngoor ga Amaciya waññi woon,
ba ànduñook moom ca xare ba nag, ca
dëkki Yuda lañu dalandoo, dale ca Samari
ba Bet Oron. Bóom nañu ca ñoom ñetti
junni, boole ca sëxëtoo cëxëtoo mu réy.
14 Ndeke ba Amaciya ñibbisee, gannaaw
ba mu dumaa Edomeen ña, ay yàllay waa
Seyir la indaale, sampal leen boppam, ñu
taxawe ay yàlla; ñoom lay sujjóotal, ñoom
lay taalal cuuraay.
15 Ba loolu amee sànjum Aji Sax ji tàkkal
Amaciya, mu yebal fa moom ab yonent,
yonent ba ne ko: «Ana looy toppe yàllay
askan wu xettaliwul ay ñoñam, ba jële leen
ci say loxo?»
16 Naka lay wax ak moom, Amaciya dog
ko, ne ko: «Kuy xelal buur lanu la def
xanaa? Na doy! Ana looy indile sa bopp ay
dóor?» Yonent ba noppi. Gannaaw loolu
mu ne: «Xam naa ne Yàlla moo la nara sànk,
ndax yaa def lii, te dégguloo samab digle.»
17 Gannaaw ba Amaciya buurub Yuda
diisoo ak ñi koy xelal, dafa yónnee ca
buurub Israayil Yowas doomu Yowaxas
doomu Yewu. Mu ne ko: «Dëkk naa la,
dikkal, nu jàkkaarloo!»
18 Yowas buurub Israayil yónnee
Amaciya buurub Yuda tontam, ne ko:
«Ndég ga ca Libaŋ moo yónnee woon ca
garabu seedar gu mag ga ca Libaŋ, ne ko:
“Sa doom jii, may ko sama doom jabar.” Ci
kaw loolu rabu àllu Libaŋ jaare fa,
dëggaate ndég ga.
19 Nee nga xanaa du yaa duma Edom, ba
tax nag sam xel jay la, nga di ko damoo.
Léegi nag tee ngaa toog sa kër? Ana looy
dugge ci jote buy indi ay wu lay daane,
yaw, daanewaale Yuda?»
20 Amaciya nag faalewul wax jooju, te
Yàlla moo dogal loolu, ngir teg ko ciy loxo,
ndax yàllay Edom ya ñu toppoon.
21 Gannaaw loolu Yowas buurub
Israayil jóg; ñu jàkkaarloo mook Amaciya
buurub Yuda, ca Bet Semes ga ca Yuda.
22 Ba mu ko defee muy jéllu Yuda fa
kanam Israayil. Waa Yuda tasaaroo, ku
nekk ñibbi ca sab xayma.
23 Yowas buurub Israayil nag jàpp
buurub Yuda, Amaciya doomu Yowas
doomu Yowaxas, ca Bet Semes. Gannaaw
loolu mu yóbbu ko Yerusalem, daldi màbb
tata ja, la ko dale buntu Efrayim ba ca
buntu Ruq ba, muy ñeenti téeméeri xasab.

24 Ci biir loolu wurus waak xaalis baak
mboolem jumtukaay ya nekkoon ca kër
Yàlla, ca loxol Obedd Edom ak ca denci kër
buur, mu jël lépp, boole ca nit ñu mu jàpp,
daldi dellu Samari.
25 Amaciya doomu Yowas buurub Yuda
dund na fukki at ak juróom gannaaw
deewug buuru Israayil Yowas doomu
Yowaxas.
26 Li des ci mbiri Amaciya, yu njëkk yaak
yu mujj ya, bindees na ko moos ca téere ba
ñu dippee Buuri Yuda ak Israayil.
27 La dale jant ba Amaciya dëddoo Aji
Sax ji, ca la ko ay nit lalal pexe ca
Yerusalem, mu daw dem Lakis, ñu yónnee
dabi ko ca Lakis. Foofa lañu ko reye.
28 Ba mu ko defee, ay fas lañu yóbboo
néew ba, denci ko fa ay maamam, ca dëkk
ba, ca Yuda.

# 26

## *Lu jëm ci nguurug Osiyas*

1 Askanu Yuda gépp nag ñoo jël Osiyas*,
fekk mu am fukki at ak juróom benn, ñu
fal ko buur, mu wuutu baayam Amaciya.
2 Moom moo tabax Elat, te moo ko
delloowaat ci nguurug Yuda, gannaaw ba
Buur Amaciya saayee, fekki ay maamam.
3 Fukki at ak juróom benn la Osiyas
amoon, ba muy falu buur, te nguuru na
juróom fukki at ak ñaar ca Yerusalem.
Yaayam mooy Yekolyaa ma cosaanoo
Yerusalem.
4 Muy def li Aji Sax ji rafetlu, mboolem
noonee ko Amaciya baayam daan defe.
5 Yàlla la daan wut ca janti Sàkkaryaa ma
doon boroom xam-xam ci peeñuy Yàlla.
Jant ya mu dee jaamu Aji Sax ji, Yàlla nag
may na ko ndam.
6 Moo dem xarejeek waa Filisti, bëtt
tatay dëkk ba ñuy wax Gaat ak tatay Yabne
ak tatay Asdodd, te moo tabax ay dëkk ca
diiwaanu Asdodd ak ca yeneen goxi Filisti.
7 Yàlla nag jàppale ko ca jànkoonteem ak
waa Filisti ak ca Arab ya dëkke Gurbaal ak
ca Mewuneen ña.
8 Amoneen ña ñoo daan fey Osiyas ab
galag. Ci kaw loolu turam law ba ca wetu
Misra, ndax doole ju bare lool ja mu mujj
am.
9 Osiyas moo tabax ay tata ca
Yerusalem, ca kaw buntu Ruq ba ak ca
kaw buntu Xur wa ak fa tatay dëkk ba
jàdde, yépp, mu dàbbali leen.
10 Tabax na it ay tata ca màndiŋ ma, te
gas na teen yu bare, ndax jur gu bare la
amoon, ak itam ay beykat ca suufi tund ya
ak ca joor ga, ak ay surgay tóokëri reseñ ca
kaw tund ya ak ca tool yu nangu ya, ndax
ku bëggoon mbey la.
11 Mbooloom xarekat ma Osiyas amoon,
te ñuy góor ñu xare war, ay gàngoor lañu
def, ñu waññ leen ca limeefub Yewel,
bindkat ba, ak Maaseya, jawriñ ja ca topp,
lépp ca njiital Anaña, kenn ca kàngami
Buur.
12 Mboolem ña jiite seeni kër maam te
ñeyu xare ya nekk ca seen kilifteef, ñaari
junni ak juróom benni téeméer (2 600) lañu.
13 Ñoo yoroon gàngooru xarem ñetti
téeméeri junneek juróom ñaar ak juróomi
téeméeri (307 500) nit ñuy xaree doole ak
njàmbaar, ngir jàppale Buur cib noon.
14 Osiyas waajalal leen, gàngooru xare ga
gépp, ay pakk aki xeej ak mbaxanay xare
ak kiiraayi yaram ak ay xalaaki fitt ak doji
mbaq.
15 Ci biir loolu mu sàkklu fa Yerusalem
ay jumtukaayi xare yu xareñ yu nitu
xarala sàkk, ngir ñu tege ca kaw tata ya ak
ca ruqi tata ya, ngir ñu di ca sànnee ay fitt
ak doj yu mag. Aw turam nag law a law ba
sore, ndax ndimbal lu yéeme la ko dikkal,
ba mu bare doole.
16 Ba mu amee noonu doole nag, xolub
réy-réylu moo ko dugg, ba sànkute dëgmal.
Ci biir loolu mu doge worma Yàllaam Aji
Sax ji, daldi dugg ca biir kër Aji Sax ji, ngir
taal cuuraay ca sarxalukaayu cuuraay ba.
17 Ba loolu amee Asaryaa sarxalkat ba
dugg topp ko, ànd ak yeneen juróom ñett
fukki sarxalkati Aji Sax ji, di nit ñu
jàmbaare.
18 Ñu taxaw janook Buur Osiyas, ne ko:
«Du yaw Osiyas la taalal Aji Sax ji cuuraay
ñeel, ndax ñi mu ñeel ñoo di sëti Aaróona yi
ñu sellal, ngir taalub cuuraay. Génnal kër
gu sell gi, ndax fecci nga worma, te du la
jural teraanga ju bawoo fa Aji Sax ji Yàlla.»

* **26.1** ***Osiyas*** mooy Asaryaa ba tey.

19 Osiyas daldi sànju, ak and ba mu nara
taale cuuraay ca loxoom. Naka la sànju ca
kaw sarxalkat ya, jàngoroy ngaana jekki
focci ca jë ba, fa kanam sarxalkat ya, fa
wetu sarxalukaayu cuuraay ba.
20 Ba ko njiital sarxalkat ya Asaryaa ak
mboolem sarxalkat ya ca des xoolee,
gisuñu lu moy ngaana ga ca jë ba. Ñu
fuuge ko foofa, moom it mu gaawtoo génn,
ndax na ko Aji Sax ji dumaa.
21 Ngaana la Buur Osiyas nekke ba kera
bés ba mu deewee. Ci néeg bu ñu ko ber la
mujj dëkk, ndax ngaana ga ko dal, ba tax
ñu génne ko ca ña saña teew fa kër Aji Sax
ji. Ba loolu amee doomam Yotam jiite kër
buur, yor kilifteefu askanu réew ma.
22 Li des ci mbiri Osiyas, yu njëkk yaak
yu mujj ya, yonent ba Esayi doomu Amocc
moo ko bind.
23 Gannaaw gi, Buur Osiyas saay, fekki
ay maamam, ñu denc ko fa weti maamam
ya, ca toolub robukaayu buur ya, ndax
dañu ne gaana la, ba tax denceesu ko ca
bàmmeeli buur ya. Yotam doomam moo
falu buur, wuutu ko.

# 27

## *Lu jëm ci nguurug Yotam*

1 Yotam amoon na ñaar fukki at ak
juróom ba muy falu, te nguuru na fukki at
ak juróom benn ca Yerusalem. Yaayam
mooy Yerusa doomu Cadog.
2 Muy def li Aji Sax ji rafetlu; mboolem
na Osiyas baayam daan defe la daan defe.
Waaye nag duggul ca kër Aji Sax ji. Teewul
nag askan wa di defug yàqute ba tey.
3 Moom moo tabax buntu kër Aji Sax ja
féete bëj-gànnaar, te tata ba ca tundu Ofel,
tabax na ca lu bare.
4 Ay dëkk it tabax na ko ca tundi Yuda, te
gott ya, tabax na ca kër yu tata wër ak
seeni sooroor.
5 Moom it moo xareek buurub Amoneen
ña, duma leen, ba Amoneen ña jox ko
atam fanweeri barigoy xaalis ak ñeent, ak
fukki barigoy bele ak benn; lors it, fukki
barigo ak benn. Loolu la ko Amoneen ña
indil atam, indilaatal ko ko ca déwén sa,
indilatil ko ko ca déwén-jéeg sa.
6 Yotam mujj na am doole, ndax pastéef
ga mu daan doxe fa kanam Yàllaam Aji Sax
ji.
7 Li des ci mbiri Yotam ak mboolem ay
xareem ak ay jëfinam, ma nga binde ca
téere ba ñu dippee Buuri Israayil ak Yuda.
8 Amoon na ñaar fukki at ak juróom ba
muy falu, te nguuru na fukki at ak juróom
benn ca Yerusalem.
9 Gannaaw gi, Buur Yotam saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca gox ba ñu naan
Kër Daawuda. Axas doomam moo falu
buur, wuutu ko.

# 28

## *Lu jëm ci nguurug Axas*

1 Ñaar fukki at la Axas amoon ba muy
falu buur. Nguuru na fukki at ak juróom
benn ca Yerusalem, waaye deful li Aji Sax
ji rafetlu, na ko maamam Daawuda
baaxoo woon.
2 Ca tànki buuri Israayil la topp. Ay
jëmmi weñ gu ñu xelli sax, móollu na leen,
ngir tuur yi ñuy wax Baal.
3 Moo taal cuuraay ca xuru Ben Inom.
Doomam yu góor sax def na leen sarax,
lakk leen ngir tuur ya, di roy ñaawtéefi xeet
ya Aji Sax ji dàqoon ngir bànni Israayil.
4 Rendi nay sarax, taal na cuuraay ca
bérebi jaamookaay ya ak ca kaw tund ya
ak mboolem ker garab gu naat.
5 Aji Sax ji Yàllaam nag teg ko ca loxol
buurub Siri, ñu duma ko, jël ca moom
mbooloom jaam yu bare, yóbbu leen
Damaas. Loxol buurub Israayil itam
tegees na ci Axas, mu duma ko duma yu
réy.
6 Buurub Israayil Peka doomu Remalya
rey na ca Yuda, ci benn bés, téeméer ak
ñaar fukki junniy (120 000) nit, ñépp di ñeyi
xare, ndax ñoo wacc Aji Sax ji seen Yàllay
maam.
7 Sikkri jàmbaaru Efrayim itam moo rey
Maaseya doomu Buur ak Asrikam fara kër
buur ak Elkana bummeem.
8 Bànni Israayil nag jàpp ca seen bokki
Yudeen ña ñaari téeméeri junniy (200 000)
jigéen ak gone yu góor ak yu jigéen. Alal ju
bare itam, jële nañu ko ca ñoom, yóbbu ko
Samari.

9 Foofa ca Samari nag, ab yonentu Aji
Sax ji ma nga fa woon, ñu di ko wax
Odedd. Moo dikk dajeek gàngooru xare gay
ñibbisi Samari. Mu ne leen: «Seen Yàllay
maam Aji Sax jaa ngii sànju ci kaw Yuda,
ba teg leen ci seen loxo, waaye xadar ju
àkki ba asamaan ngeen leen faxase.
10 Léegi nag, waa Yuda ak Yerusalem
ngeen ne seeni jaam ngeen leen di def,
góor ak jigéen? Yeen itam déy, xanaa
tooñuleen seen Yàlla Aji Sax ji?
11 Dégluleen ma fii nag! Dellooleen
mbooloom jaam yi ngeen jàpp, jële leen ca
seen bokki Yudeen, ndax kat tàngooru
sànjum Aji Sax jaa ngi leen di yoot.»

12 Ba loolu amee ñenn ca njiiti
Efraymeen ña; Asaryaa doomu Yoxanan
ak Berekya doomu Mesilemot ak Esekiyas
doomu Salum ak Amasa doomu Xadlay,
ñoo jóg jàkkaarlook mbooloo ma jóge ca
xare ba.
13 Ñu ne leen: «Buleen fi indi mbooloom
jaam yi, ndax tooñ Aji Sax ji lay doon ci
nun. Dangeena nara yokk sunuy bàkkaar
ak sunuy tooñ, te sunuy tooñ xasa bare, ba
tàngooru sànj di yoot Israayil?»

14 Ci kaw loolu boroom ngànnaay ya yiwi
jaam ya, joxe cëxëtoo ma fa kanam njiit ya
ak mboolem ndaje ma.
15 Góor ña ñu jota lim seeni tur nag daldi
jël jaam ya. Ña ca def yaramu neen, ñu
wodde leen ca yérey cëxëtoo ma. Dañu
leena solal yére aki dàll, may leen ñu lekk,
naan, diw leen, ña ca néew doole ñépp, ñu
waral leen ay mbaam, daldi leen yóbbu
Yeriko, dëkkub tàndarma ya, fa seeni bokk.
Gannaaw loolu ñu dellu Samari.

16 Jant yooyu la Buur Axas yeble fa
buuru Asiri, ngir ñu wallu ko.
17 Booba Edomeen ñaa dikkaatoon,
duma Yuda, jàpp ca ay jaam.
18 Waa Filisti itam songoon nañu dëkk ya
ca suufi tundi Yuda ak bëj-saalumu Yuda.
Jotoon nañoo nangu ba sance Bet Semes
ak Ayalon ak Gederot ak Soko aki
dëkk-dëkkaanam ak Timna aki
dëkk-dëkkaanam ak Gimso aki
dëkk-dëkkaanam.
19 Aji Sax ji moo ko mbugale Yuda ndax
Axas buurub Israayil*, ndax jëfam ju ëpp
ja fa Yuda, ak doge ga mu doge Aji Sax ji
worma.
20 Ba Tiglaat Pilser buurub Asiri dikkee
ca kaw Axas, dooleelsiwu ko, da koo
fitnaal.
21 Axas wëq kër Aji Sax ji ak këri buur ak
jawriñ ña, jox ko buurub Asiri, te loola
amalu ko benn njariñ.
22 Buur Axas moomu, ca janti fitnaam
jooju la gënatee doge Aji Sax ji worma.
23 Yàllay Damaas ga ko duma, ñoom la
defal sarax, te naan: «Gannaaw yàllay buuri
Siri ñoo leen di dimbali, ñoom laay
sarxalal, ñu dimbali ma.» Waaye yàlla
yooyu ñoo indi sànkuteem, moom ak
Israayil gépp.
24 Jumtukaayi kër Yàlla ga la Axas dajale,
dogat jumtukaayi kër Yàlla ga, teg ca tëj
bunti kër Aji Sax ja, daldi sàkkal boppam
ay sarxalukaayi tuur ca mboolem ruqi
Yerusalem.
25 Yuda gépp, dëkk ak dëkk, def na fa ay
bérebi jaamookaay yu ñuy taalale yeneen
yàlla cuuraay, ba merloo Aji Sax ji Yàllay
maamam ya.
26 Li des ciy mbiram aki jëfinam yu njëkk
yaak yu mujj ya, ña nga binde ca téere ba
ñu dippee Buuri Yuda ak Israayil.
27 Gannaaw gi, Buur Axas saay, fekki ay
maamam, ñu denc ko ca dëkk ba, ca
Yerusalem, waaye dencuñu ko ca
bàmmeeli buuri Israayil. Esekiyas
doomam moo falu buur, wuutu ko.

# 29

## *Esekiyas setal na kër Yàlla ga*

1 Esekiyas ci ñaar fukki atam ak juróom
la falu buur, te nguuru na ñaar fukki at ak
juróom ñeent, ca péeyu Yerusalem. Yaayam
nag mooy Abya doomu Sàkkaryaa.
2 Muy def li Aji Sax ji rafetlu, mboolem
noonee ko Daawuda maamam daan defe.
3 Moom moo ubbi bunti kër Aji Sax ji,
defaraat leen, ca atum ndoortel nguuram,
ca weer wu njëkk wa.
4 Ci kaw loolu mu woolu sarxalkat yaak
Leween ña, ñu daje ca péncum penku ba.

* **28.19** ***Israayil*** gii ñu wax, mooy Yuda, ni ñu ko faral di woowe ci *2.Jaar-jaar ya.*

5 Mu ne leen: «Yeen Leween ñi, dégluleen
ma. Sanguleen-set léegi te sellal seen kër
Yàllay maam yi, Aji Sax ji, te ngeen jële jépp
sobe fi néeg bu sell bi.
6 Ndax kat sunuy maam a fecci worma,
ñoo def lu sunu Yàlla Aji Sax ji ñaawlu. Ñoo
ko wacc, walbati seen kanam, fuuylu
màkkaanu Aji Sax ji, wone gannaaw.
7 Ñoo tëj bunti mbaaru kër Yàlla ga, fey
làmp ya; cuuraay, taalatuñu ko, saraxi
rendi-dóomal joxeetuñu ko fi néeg bu sell
bi, ñeel Yàllay Israayil.
8 Moo tax sànjum Aji Sax ji dal ci kaw
Yuda ak Yerusalem, ba mu def leen misaal
mu daw yaram mu ñuy muslu, ni ngeen ci
tege seen bëti bopp.
9 Moo tax it sunuy maam ay saamar
daan leen; sunuy doom, góor ak jigéen, ak
sunuy jabar dugg njaam ndax loolu.
10 Léegi nag sama xol laa yéenee fasoo
kóllëre ak Aji Sax ji Yàllay Israayil, ngir mu
moyale nu sawaras sànjam.
11 Kon nag soppe yi, buleen sàggan, ndax
yeen la Aji Sax ji tànn, ngir ngeen taxaw fi
kanamam, di ko liggéeyal, di ay
liggéeykatam, te di ko taalal cuuraay.»
12 Ba mu ko defee Leween ña jóg. Ña
bokk ca Keyateen ña di Maxat doomu
Amasay ak Yowel doomu Asaryaa; ña
bokk ca Merareen ña di Kis doomu Abdi
ak Asaryaa doomu Yewalelel; ña bokk ca
Gersoneen ña di Yowax doomu Simma ak
Eden doomu Yowax;
13 ña sëtoo ca Elicafan di Simri ak Yewel;
ña sëtoo ca Asaf di Sàkkaryaa ak Matаña;
14 ña sëtoo ca Eman di Yexyel ak Simey;
ña sëtoo ca Yedutun di Semaya ak Usyel.
15 Ñu woo seeni bokk nag, ñu daje,
sangu-set, daldi dikk, na ko Buur
santaanee, ak na ko kàdduy Aji Sax ji
tegtalee, ngir setal kër Aji Sax ja.
16 Sarxalkat ya dugg ca biir kër Aji Sax
ja, ngir setal ko. Ñu daldi dindi mboolem
sobe ju ñu fekk ca biir kër Aji Sax ja, yóbbu
ko ca ëttu kër Aji Sax ja, Leween ña jële ko
fa, génne ca biti, sànni ko ca xuru Sedoron.
17 Benn fan ca ndoortel weeru at ma
lañu tàmbalee sellal. Juróom ñetti fan ca
weer wa, ñu agsi ca mbaaru néeg bu mag
bu Aji Sax ja. Ñu teg ca sellal kër Aji Sax ja
ci yeneen juróom ñetti fan, ca fukki fan
yaak juróom bennu ndoortel at ma, ñu
sottal.
18 Ba loolu amee ñu dem ba ca Buur
Esekiyas, ne ko: «Setal nanu kër Aji Sax
jépp, ba ca sarxalukaayu rendi-dóomal ba
ak mboolemi jumtukaayam ak taabal ja
mburum teewal may tege ak mboolemi
jumtukaayam.
19 Mboolem jumtukaay ya Buur Axas
xalaboon ca nguurug ñàkke wormaam,
delloo nanu ko, sellal ko. Ma nga noonu fa
kanam sarxalukaayu Aji Sax ji.»
20 Buur Esekiyas teela xëy, woolu
kàngami dëkk ba, daldi jubal kër Aji Sax ja.
21 Ñu yóbbu juróom ñaari yëkk ak juróom
ñaari kuuy yu mag ak juróom ñaari kuuy yu
ndaw ak juróom ñaari sikket, ngir saraxu
póotum bàkkaar, ci wàllu nguur gi ak kër gu
sell gi ak waa Yuda. Buur nag ne sëti
Aaróona yay sarxalkat ya, ñu joxe sarax
yooyu ca sarxalukaayu Aji Sax ja.
22 Ñu daldi rendi nag ya, sarxalkat ya jël
deret ja, wis-wisal ko ca sarxalukaay ba.
Gannaaw loolu ñu rendi kuuy yu mag ya,
wis-wisal deret ja ca sarxalukaay ba.
Gannaaw loolu ñu rendi kuuy yu ndaw ya,
wis-wisal deret ja ca sarxalukaay ba.
23 Ba loolu amee ñu indi sikketi póotum
bàkkaar ya fa kanam Buur ak ndaje ma, ñu
teg sikket ya seeni loxo.
24 Sarxalkat ya daldi rendi sikket ya, def
seen deret saraxu póotum bàkkaar ca
sarxalukaay ba, sotti ko ca, ngir jote ko
mboolem Israayil, ndax mboolem Israayil
la Buur tudde saraxu rendi-dóomal ba ak
saraxu póotum bàkkaar ba.
25 Ci kaw loolu mu taxawal Leween ña
ca kër Aji Sax ji, aki tabala aki riiti aki
xalam. Loolu dëppook santaaneb
Daawuda ak Gàdd boroom peeñu ba ak
Natan yonent ba, te di santaane bu bawoo
fa Aji Sax ji, ay yonentam jottali ko.
26 Leween ña nag taxaw ak jumtukaayi
xumbéeni Daawuda ya, ñook sarxalkat
yaak liit ya.
27 Esekiyas joxe ndigal ne ñu joxe ca
sarxalukaay ba saraxu rendi-dóomal ba.
Naka lañu tàmbali rendi-dóomal ba, jàngi
Aji Sax ja tàmbali, ànd ak liit ya ak

jumtukaayi xumbéeni Daawuda buurub
Israayil.
28 Ndaje mépp sujjóot, woy yay jib, liit ya
jolli, ba saraxu rendi-dóomal bépp sotti.
29 Ba rendi-dóomal ba noppee, Buur ak
mboolem ña ànd ak moom sukk, daldi
sujjóot.
30 Gannaaw loolu Buur Esekiyas ak
jawriñ ña ne Leween ña, ñu sàbbaale Aji
Sax ji, kàdduy Daawuda yaak Asaf boroom
peeñu ba. Mbég mu réy lañu sàbbaale, daldi
sujjóot.
31 Esekiyas teg ca ne mbooloo ma: «Léegi
nag, ba ngeen sangoo-set*, Aji Sax ji jagoo
leen, dikkleen indi saraxi jur yeek saraxi
canti biir jàmm ci kër Aji Sax ji.» Ndaje ma
indi ay saraxi jur ak saraxi canti biir
jàmm, mboolem ña am yéeney xol bu ni
tollu it, indi ay saraxi rendi-dóomal.
32 Ba loolu amee limu saraxi
rendi-dóomal ya ndaje ma indi di juróom
ñaar fukki (70) jur gu gudd, ak téeméeri
(100) kuuy yu mag, ak ñaari téeméeri (200)
kuuy yu ndaw, loolu lépp di rendi-dóomal
bu ñeel Aji Sax ji.
33 Yeneen sarax yu sell ya ñu def di
juróom benni téeméeri (600) yëkk ak ñetti
junniy (3 000) gàtt.
34 Xanaa sarxalkat ya daal ñoo néewoon
ba manuñoo fees juri saraxi rendi-dóomal
ba bépp. Seen bokki Leween ña dimbali
leen ca, ba liggéey ba sotti, ba sarxalkat ya
ca des sangu-set, ndax Leween ña ñoo
gënoona yebu sarxalkat ya ci sanguji-set.
35 Saraxi rendi-dóomal ya bare woon na,
te bokkewul ak nebbonu saraxi canti biir
jàmm ya ak saraxi tuuru yay ànd ak
rendi-dóomal ya. Noonu lañu taxawalaate
liggéeyub kër Aji Sax ja.
36 Esekiyas ak askan wa wépp nag ñoo
bége la Yàlla defal askan wa, ndax na mbir
ma gaawa sottee te waajeesu ko.

# 30

## *Esekiyas dekkal na bésub Mucc*

1 Ba mu ko defee Esekiyas yónnee ca
mboolem Israayil ak Yuda. Ay bataaxal
sax bind na ko giiri Efrayim ak Manase,
ngir ñu dikk ca kër Aji Sax ja ca Yerusalem,
ngir amal màggalu bésub Mucc, ñeel Aji Sax
ji Yàllay Israayil.
2 Fekk na Buur aki jawriñam, ak
mboolem ndaje ma féncoo fa Yerusalem,
ba mànkoo ci amal bésub Mucc ca ñaareelu
weeru at ma.
3 Manuñu ko woona amal ca bésam,
ndax sarxalkat ya sangu-set doyuñu
woon, te askan wa dajeegul woon
Yerusalem.
4 Mébétum amal bésub Mucc nag di lu
Buur ak ndaje ma mépp rafetlu.
5 Ci kaw loolu ñu yékkati ab dogal, ngir
yéene fa Israayil gépp, dale Beerseba ga ca
bëj-saalum, ba Dan ga ca bëj-gànnaar, ngir
ñu dikk amal fa Yerusalem, bésub Mucc,
ñeel Yàllay Israayil, ndax barewul woon ñu
ko sàmm, na ñu ko binde ci yoon.
6 Ba loolu amee ndaw ya dem ak ay
bataaxal yu tukkee ca Buur aki jawriñam.
Ñu yéene ci ndigalal Buur, ca mboolem
Israayil ak Yuda, na ko Buur santaanee ne:
«Yeen bànni Israayil, dellusileen ci Aji
Sax ji, Yàllay Ibraayma ak Isaaxa ak
Israayil, ba mu délsi ci yeen ñi des, te
rëcce ca loxoy buuri Asiri.
7 Buleen mel ni seeni maam ak seen
bokk yi doge Aji Sax ji seen Yàllay maam
worma, ba mu wacce leen sànkute gu daw
yaram, ni ngeen ko gise.
8 Léegi nag buleen sajju loos na seeni
maam. Joxleen Aji Sax ji loxo, te dikk fi
këram gu sell gi mu sellal ba fàww, te ngeen
jaamu Aji Sax ji seen Yàlla, ngir sawaras
sànjam dëddu leen.
9 Ndax kat su ngeen dellusee ci Aji Sax
ji, seeni bokk ak seeni doom dinañu
dajeek yërmandey ña leen jàpp njaam, te
dinañu dellusi fi réew mii, nde Aji Sax ji
seen Yàlla mooy boroom yiw ak yërmande,
te du leen dëddu, su ngeen dellusee ci
moom.»
10 Noonu la ndaw ya wëre dëkkoo dëkk,
ca réewum Efrayim ak Manase, ba fa
diiwaanu Sabulon. Nit ña nag di leen
reetaan aka ñaawal.
11 Teewul mu am ca Asereen ñaak
Manaseen ñaak Cabuloneen ña, ñennat ñu
toroxlu, ba dikk Yerusalem.
12 Fa Yuda itam loxol Yàlla jaare fa, ba
may leen genn pastéefu xol, ngir déggal

* **29.31** ***sangu-set:*** seetal ci 29.24.

kàddug Aji Sax ji ci jëfe santaaneb Buur ak
jawriñ ña.
13 Mbooloo mu mag nag daje Yerusalem,
ngir amal màggalu Mburu mu amul lawiir,
ca ñaareelu weeru at ma, muy ndaje mu
réy lool.
14 Ñu daldi dindi sarxalukaayi tuur ya
ca biir Yerusalem, mboolem sarxalukaayi
cuuraay ya it, ñu jële leen fa, sànni ca xuru
Sedoron.
15 Fukki fan ak ñeent ca ñaareelu weer
wa, ca lañu rendi gàttub bésub Mucc. Ba
loolu amee sarxalkat ya ak Leween ña am
kersa. Ñu sangu-set, daldi indi ay saraxi
rendi-dóomal fa kër Aji Sax ji.
16 Ci kaw loolu ñu taxaw seen béreb ba
ñuy taxawe, na ñu ko aadawoo, te mu
dëppook yoonu Musaa, góorug Yàlla ga.
Sarxalkat ya nag nangoo deret ja ca loxol
Leween ña, wis-wisal ko ca sarxalukaay
ba.
17 Booba ñu bare ca mbooloo ma
sanguwuñu woon set. Moo tax Leween ña
rendi gàtti bésub Mucc yu mboolem ña
setul woon ba manuñoo sellal seen sarax,
ñeel Aji Sax ji.
18 La ëpp ca askan wa it, te ñu bare bokk
ca Efraymeen ñaak Manaseen ñaak
Isakareen ñaak Cabuloneen ña, setluwuñu
woon, waaye lekk nañu ca saraxi bésub
Mucc ba, te loolu dëppoowul ak li ñu bind ci
yoon. Waaye Esekiyas moo leen ñaanal,
ne: «Aji Sax ji cig mbaaxam, yal na baaxe
ag njot
19 képp ku yeboo xolam ci jaamu Yàlla,
Aji Sax ji Yàllay maamam ya, doonte àndul
ak cet gi kër gu sell gi laaj.»
20 Aji Sax ji nangul Esekiyas, ba bàyyi
askan wa, ñu ànd ak wér.
21 Ba loolu amee bànni Israayil ga teew
Yerusalem amal màggalu Mburu mu amul
lawiir ci juróom ñaari fan, ànd ceek mbég
mu réy. Leween ñaak sarxalkat ya di
sàbbaal Aji Sax ji, bés bu nekk, tey jibal
jumtukaay yu xumb lool, ñeel Aji Sax ji.
22 Esekiyas nag yokk pastéefu xolu
mboolem Leween ña yebu lool ci mbiri Aji
Sax ji. Ñu xéewlu ca sarax ya diiru juróom
ñaari fan, di joxe saraxi cant ci biir jàmm,
tey sant Aji Sax ji seen Yàllay maam ya.
23 Ci kaw loolu ndaje ma mépp mànkoo ci
amal yeneen juróom ñaari fani màggal, ñu
amalaat juróom ñaari fani mbég,
24 ndax fekk na Esekiyas buurub Yuda it
génneel ndaje ma junniy (1 000) yëkk yu
ndaw ak juróom ñaari junniy (7 000) gàtt,
jawriñ ña génneel ndaje ma junniy (1 000)
yëkk yu ndaw ak fukki junniy (10 000) gàtt,
te fekk na it sarxalkat yu bare sangu-set.
25 Ba mu ko defee ndajem Yuda mépp di
bànneexu, ñook sarxalkat ya ak Leween ña,
ak mboolem nit ña bawoo Israayil,
doxandéem ya jóge réewum Israayil ak ña
ca dëkke Yuda.
26 Muy mbég mu réy fa Yerusalem, ndax
booba ak la jiitu, ba ca janti Suleymaan
doomu Daawuda buurub Israayil, lu ni
mel xewul fa Yerusalem.
27 Ci kaw loolu sarxalkat yay Leween
ñaanal askan wa barkeb Aji Sax ji, seen
baat jib, seen ñaan ga àkki kaw asamaan,
fa màkkaanam mu sell.

# 31

## *Esekiyas yeesal na liggéeyu kër Yàlla ga*

1 Ba loola lépp jeexee, mboolem bànni
Israayil ga fa teew ñoo dem ca dëkki Yuda.
Ñu toj tuuri doj ya, gor xer ya ñuy jaamoo
Asera tuur ma, màbb bérebi jaamookaay
ya ak sarxalukaay yu mboolem Yuda ak
diiwaani Beñamin ak Efrayim ak Manase,
ba sottal. Gannaaw loolu bànni Israayil
gépp dellu seeni dëkk, ku nekk ca gox ba
mu séddoo.
2 Esekiyas nag tabb kuréeli sarxalkat ya
ak Leween ña, ku nekk ak kuréelam akub
liggéeyam, muy ab sarxalkat mbaa ab
Leween, muy itam wàllu saraxi
rendi-dóomal, mbaa saraxi cant ci biir
jàmm, ak liggéeyu jaamu Yàlla bu jëm ci ay
cant aki sàbbaal, ci bunti kër Aji Sax ji.
3 Esekiyas dogal itam wàllu Buur wiy
jóge ci alalam ngir saraxi rendi-dóomal;
rendi-dóomali suba si ak yu ngoon si, ak
rendi-dóomal yi ñeel bési Noflaay ak
Terutel weer, ak rendi-dóomali bési ndajey
màggal yi, ni ñu ko binde ci téereb yoonu
Aji Sax ji.
4 Mu daldi wax askan wa dëkke
Yerusalem ne leen ñu joxe wàllu sarxalkat

yaak Leween ña, ngir ñooñu mana wéetal
yoonu Aji Sax ji.
5 Naka la kàddu ga law, bànni Israayil
gëna indi seen ndoortel meññeef: bele
baak biiñ baak diw gaak lem ja, mboolem
lu ñu jële ca tool ya. Cérub fukkeelub lépp
ne gàññ, ñu indi ko.
6 Ci biir loolu waa Israayil ak waa Yuda,
ña dëkke dëkki Yuda indi, ñoom itam, céru
fukkeelub jur gu gudd gaak gu gàtt ga, ak
céru fukkeelub sarax yu sell ya ñu jagleel
Aji Sax ji seen Yàlla. Ñu def ko ay jali jal.
7 Ca ñetteelu weeru at ma lañu tàmbali jal
ya, muy jale ba ca juróom ñaareelu weer
wa, ñu sottal.
8 Ba loolu amee Esekiyas ak jawriñ ña
dikk, ba gis jal ya, ñu daldi sant Aji Sax ji
ak Israayil ñoñam.

9 Esekiyas nag laaj sarxalkat yaak
Leween ña ca mbirum jal yooya.
10 Asaryaa sarxalkat ba jiite waa kër
Cadog ne ko: «Ba ñu tàmbalee indi li ñu ber
ci seen ngóob fi kër Aji Sax ji ba tey, nu ngi
lekk ba regg, ba desal lu ne gàññ, ndax Aji
Sax jee barkeel ñoñam, te ndes wee jale
nii.»
11 Esekiyas ne ñu waajal ay néeg ca kër
Aji Sax ji. Ñu waajal ko,
12 daldi def ag màndute, yeb ca yi ñu
jébbal Aji Sax ji ak céru fukkeel baak sarax
yu sell ya; ka leen ca jiite moo doon
Konaña Leween ba, mbokkam Simey topp
ca moom.
13 Ña yor caytu ga ñoo doon Yexyel ak
Asasya ak Naxat ak Asayel ak Yerimot ak
Yosabàdd ak Elyel ak Ismakiya ak Maxat
ak Benaya, ca njiital Konaña ak rakkam
Simey, lépp ca ndigalal Buur Esekiyas, ak
Asaryaa ma yilif kër Yàlla ga.
14 Doomu Imna, Kore Leween ba daan
wattu buntub penku ba, moo yoroon
saraxi yéene yu Yàlla ya, te moo doon
séddale saraxu njébbalub Aji Sax ji ak
yeneen sarax yu sella sell.
15 Ci kilifteefam la Eden nekkoon ak
Miñamin ak Yesuwa ak Semaya ak Amarya
ak Sekaña, ca dëkki sarxalkat ya. Ñooñoo
yoroon ca seen biiri bokk, ñuy mag, di
ndaw, séddaleb dund bu dëppoo ak seen
kuréeli liggéey.
16 Séddale ba nag, góor ña am ñetti at, jëm
kaw ca lañu bokk, ba ca mboolem ñay dem
ca kër Aji Sax ji, ngir seen liggéeyi bés ak
bés ya méngoo ak seeni dénkaane ak seeni
kuréel.
17 Sarxalkat ya ñu lim, na ñu bokke seeni
kër maam itam, ak Leween ña am ñaar
fukki at, jëm kaw, séddale ba ñeel na leen,
topp na ñu bokke seeni dénkaane ak seeni
kuréel
18 ak itam mboolem ña ñu lim, ñook
mboolem seen njaboot gu sew, seeni jabar
ak seeni doom, góor ak jigéen ndax pastéef
ga ñu yeboo woon ci liggéey bu sell.
19 Séddale ba ñeel na itam sëti Aaróona yu
góor, sarxalkat ya nekkoon ca kaw ga, ca
parluy dëkk ya ñu féete; dëkk bu ci nekk, ñu
tudd fa ay nit ñu wara joxe cér yu ñeel
mboolem kuy góor, ca biir sarxalkat ya ak
Leween ña ñu lim ñépp.
20 Noonu la Esekiyas def ca Yuda gépp.
Mbaax ak njub ak dëggute la jëfe fi kanam
Aji Sax ji Yàllaam.
21 Mboolem jëf ju Esekiyas sumboon ci
wàllu liggéeyub kër Yàlla ga, na mu dëppoo
ak yoon wi ak santaane yi, ngir jaamu
Yàllaam, léppi xolam la ko defe, ba am ca
ndam.

# 32

### *Senaxerib dëkk na waa Yerusalem*

1 Gannaaw jëfi worma yooyii, Senaxerib
buurub Asiri moo dikk ba biir Yuda, daldi
gaw dëkk ya tata wër, nar leena bëtt, ba
nangu leen.
2 Ba Esekiyas gisee ne Senaxerib dikk na
te song xare Yerusalem la nar,
3 ay jawriñam aki jàmbaaram la diisool,
ngir fatt bëti ndox ya ca bitib dëkk ba. Ñu
ànd ca ak moom.
4 Ci kaw loolu ñu dajale nit ñu takku,
daldi fatt mboolem bëti ndox ya ak wal
ma doon dawe biir réew ma, ndax dañu ne
duñu bàyyi buuri Asiri, ñu dikk fekk fa
ndox mu ne xéew.
5 Esekiyas nag góor-góorlu, tabaxaat
mboolem fu tata dëkk ba bëttoon, yokke ko
ay sooroor, ba tabaxaat beneen tata ca

* **32.5** ***Milo,*** xur la wu doxoon diggante kër Yàlla ga ak gox ba ñu naan Kër Daawuda. Suleymaan sëkklu ko.

gannaawam, fa féete biti. Mu teg ca
dàbbali sëkkub Milo* ja ca gox ba ñu naan
Kër Daawuda, daldi sàkklu gànnaay yu bare
aki pakk.
6 Gannaaw loolu mu tabb ay jawriñi
xare yu jiite gàngoor ga, daldi leen woo fa
moom, ca pénc ma ca buntu dëkk ba. Mu
yokk seen pastéefu xol, ne leen:
7 «Dëgërluleen te amu fit. Buleen ragal,
buleen jàq ndax buurub Asiri ak mboolem
gàngoor gi ànd ak moom, ndax li ànd ak
nun moo ëpp doole li ànd ak moom.
8 Li ànd ak moom përéëgub suux la, te ki
ànd ak nun di Aji Sax ji sunu Yàlla ji nuy
wallu, xareel nu sunuy xare.» Xelu askan
wa nag dal ca kàddu ya Esekiyas buurub
Yuda wax.
9 Gannaaw loolu Senaxerib, buurub
Asiri yónni ay jawriñam, fekk ko tollu
mook gàngooram gépp fa jàkkaarlook Lakis,
ca Esekiyas buuru Yuda ak mboolem
Yudeen ña ca Yerusalem. Ñu ne:
10 «Senaxerib buurub Asiri dafa wax ne:
Ana lu ngeen yaakaar, ba toog ci biir
Yerusalem gi ñu gaw?
11 Xanaa du Esekiyas moo leen nax, ngir
wacc leen ngeen deek xiif ak mar, naan
leen: “Sunu Yàlla Aji Sax ji moo nuy xettali
ci loxol buurub Asiri.”
12 Du moom Esekiyas moo dindi bérebi
jaamookaay yeek sarxalukaayi Aji Sax ji,
ba noppi ne waa Yuda ak Yerusalem:
“Benn sarxalukaay ngeen di sujjóotal, te ci
ngeen di taal saraxu cuuraay?”
13 «Xanaa xamuleen li ma def mboolem
askani réew yi, man maak samay maam?
Fu yàllay xeeti réew yooyu fexee lenn, ba
mana xettali seen réew ci sama loxo?
14 Tuuri réew yooyu yépp yi samay
maam faagaagaloon, ana mu ci manoona
xettali aw xeetam ci sama loxo? Ana kon
nu leen seen yàlla mana xettalee ci sama
loxo?
15 Léegi nag, bu leen Esekiyas nax, ba
réeral leen nii; buleen ko gëm. Ndax kat,
jenn yàllay wenn xeet akug nguur masula
mana xettali aw xeetam ci sama loxo,
mbaa sama loxoy maam. Kon nag du seen
yàllaa leen di xettali ci sama loxo.»
16 Surgay Senaxerib nag gënatee ŋàññ
Aji Sax ji Yàlla ak jaamam Esekiyas.
17 Ay bataaxal sax Senaxerib bind na ko,
ngir kókkali Aji Sax ji Yàllay Israayil, ba
wax ci moom ne: «Noonee yàllay xeeti
yeneen réew yi tëlee xettali seeni ñoñ ci
sama loxo, noonu rekk la yàllay Esekiyas
di tëlee xettali ñoñam ci sama loxo.»
18 Ñuy xaacu nag ca kaw, ci làkku ebrë,
jëme ca niti Yerusalem ña ca kaw tata ja,
ngir xoqtal leen, yóbbu seenu fit. Su ko
defee nangu dëkk ba yomb leen.
19 Ci biir loolu ñuy wax ci Yàllay
Yerusalem, mbete su doon moroomu
yàllay xeeti àddina, ay jëmm yu doom
aadama liggéeye ay loxoom.
20 Ba loolu amee Buur Esekiyas ak
Yonent Yàlla Esayi doomu Amocc yékkati
kàddug ñaan ci moomu mbir, jëme
asamaan.
21 Aji Sax ji yebal malaaka, mu sànk
mboolem ñeyi xare akub jawriñ ak kuy
njiit ca dalu buurub Asiri, mu sëlmoo
gàcce, ñibbi am réewam. Gannaaw gi, ba
mu duggee ca kër yàllaam, foofa la ko ñenn
ci ay doomi geñog boppam, daldi bóome
saamar.
22 Noonu la Aji Sax ji musale Esekiyas ak
waa Yerusalem ca Senaxerib buurub Asiri
ak ci ñépp. Wet gu nekk la leen Aji Sax ji
aare.
23 Ba mu ko defee ñu bare di indi
Yerusalem sarax bu ñeel Aji Sax ji, ak
teraanga yu ñeel Esekiyas buurub Yuda.
Fa la doxe di ku xeet yépp weg.

## *Buur Esekiyas ma bewoon saay na*

24 Jant yooyu la Esekiyas woppoon bay
waaja dee. Mu ñaan ci Aji Sax ji. Ba mu
waxee ak moom, firnde la ko jox, ngir mu
xam ne dina wér.
25 Teewul teraanga ja ñu defal Esekiyas,
feyu ko, xanaa doxe fa indi xolub
réy-réylu, ba tax am sànj nara dal ca
kawam ak ca kaw Yuda ak Yerusalem.
26 Ci kaw loolu Esekiyas toroxlu, tuube
ko xolub réy-réyloom, moom ak waa
Yerusalem, ba tax sànjum Aji Sax ji dalul ca
seen kaw ca janti Esekiyas.
27 Alal ak daraja ju bare lool la Esekiyas
amoon. Ay dencukaay la sàkkaloon
boppam, ngir xaalis ak wurus ak doj yu
gànjare aki cuuraay aki pakk ak mboolem
jumtukaayi tànnéef.

28 Ay sàq itam amoon na ko, ngir am
pepp ak biiñ bu bees akug diw, ak itam ay
wudd ngir gépp xeetu jur aki wërmbal ngir
ay géttam.
29 Ay dëkk sax tabaxaloon na ko
boppam, te amoon na gétt yu ne gàňň, jur
gu gudd ak gu gàtt, ndax Yàllaa ko mayoon
koom gu bare lool.
30 Esekiyas ci boppam moo waññi bëtu
ndox ba ñuy wax Gixon Kaw, ngir awale
ndox ma fu gëna suufe te féete ca sowub
gox ba ñu naan Kër Daawuda. Ndam la am
ca mboolem ay liggéeyam.
31 Teewul ca mbirum ndawi kàngami
Babilon ya yónnee woon fa moom di gëstu
kéemaan ga amoon ca réew ma, Yàlla moo
ko seetaan, ngir seetlu ko ba ràññee
mboolem la ca biir xolam.
32 Li des ci mbiri Esekiyas ak jëfi
ngoram, ma nga binde ca peeñuy Yonent
Yàlla Esayi doomu Amocc, ca téere ba ñu
dippee Buuri Yuda ak Israayil.
33 Gannaaw loolu Buur Esekiyas saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko fa féete kaw
sëgi sëti Daawuda. Teraanga la ko
mboolem Yuda ak waa Yerusalem defal
cig deewam. Doomam Manase moo falu
buur, wuutu ko.

# 33

### *Lu jëm ci nguurug Manase*

1 Fukki at ak ñaar la Manase amoon ba
muy falu buur. Nguuru na juróom fukki at
ak juróom (55) fa Yerusalem.
2 Manase nag di def li Aji Sax ji ñaawlu,
topp ñaawtéefi xeet ya Aji Sax ji dàqoon
ngir bànni Israayil.
3 Moo tabaxaat bérebi jaamookaay ya
Esekiyas baayam màbboon, yékkatil tuur yi
ñu naan Baal ay sarxalukaay, samp ay xer
yu ñuy jaamoo Asera, boole ca di sujjóotal
mboolem biddiiwi asamaan, di leen
jaamu.
4 Moo yékkati yeneen sarxalukaayi tuur
ca biir kër Aji Sax ji, fa Aji Sax ji waxoon
ne: «Fii ci Yerusalem la sama tur di nekk
ba fàww.»
5 Ay sarxalukaay it la tabaxal biddiiwi
asamaan yépp, ca biir ñaari ëtti kër Aji Sax
ji.
6 Te itam moo sarxal ay doomam, lakk
leen ngir ay tuur ca xuru Ben Inom. Ci biir
loolu gisaane na, ñeengo na, xërëm na,
jëflante naak ay boroom rawaan ak ñuy
jokkook nit ñu dee. Bare na lu mu def lu
Aji Sax ji ñaawlu, ba tax mu mer.
7 Moo dugal ba tey jëmm ju ñu yatt ju mu
sàkkoon ngir tuur ma ñuy wax Asera, ca
biir kër Yàlla gi Yàlla waxoon Daawudaak
doomam Suleymaan ne leen: «Ci biir kër
gii ci Yerusalem gi ma tànn ci mboolem
giiri Israayil, ci laay dëj sama tur ba fàww.
8 Ndegam bànni Israayil saxoo nañoo
sàmm mboolem lu ma leen sant, mboolem
yoon wi ak dogali yoon yi ak àttey yoon yi
Musaa jottali, dootuma jële seen tànk ci
réew mi ma séddoon seeni maam, yeen.»
9 Manase nag moo waññi Yuda ak waa
Yerusalem, ñuy def ñaawtéef, ba raw xeet
ya Aji Sax ji sànkoon fi kanam bànni
Israayil.
10 Aji Sax ji wax naak Manase ak aw
askanam, waaye ñoo teewluwul.
11 Aji Sax ji nag indi ci seen kaw njiiti
gàngooru buurub Asiri, ñu jàppe Manase ay
lonku, jénge ko jéngi xànjar, yóbbu Babilon.
12 Ca biir njàqareem ja la sàkkoo yiwu Aji
Sax ji Yàllaam, daldi toroxlu lool fi kanam
Yàlla ju maamam ya.
13 Mu ñaan Yàlla, Yàlla nangul ko, dégg ab
dagaanam, delloosi ko Yerusalem ci
nguuram. Manase nag xam ne Aji Sax ji
mooy Yàlla.
14 Gannaaw loolu la tabaxaat tatay biti
bu gox bu ñu naan Kër Daawuda, dale ko
ca sowub Gixon, ca xur wa, ba ca buntu
Jën ya, wërale ko tundu Ofel, yékkati tata
ba, ba mu kawe lool. Ci biir loolu mu teg
ay njiiti gàngoor ca mboolem dëkki Yuda
ya tata wër.
15 Moo jële itam yàllay ndoxandéem ya
ak jëmmu tuur ma ca kër Aji Sax ji ak
mboolem sarxalukaay ya mu tabaxoon ca
kaw tundu kër Aji Sax ji ak ca Yerusalem;
mu génne lépp dëkk ba, sànni ko ca biti.
16 Ba loolu amee Manase tabaxaat
sarxalukaayu Aji Sax ji, joxe ca saraxi
canti biir jàmm ak saraxi njukkal. Mu
daldi sant Yudeen ñi, ne leen ñu jaamu Aji
Sax ji Yàllay Israayil.

17 Teewul askan wa di sarxal ca bérebi
jaamookaayi tuur ya ba tey, doonte Aji
Sax ji seen Yàlla lañu ko defal.
18 Li des ci mbiri Manase ak ñaanam ga
ca Yàllaam ak kàdduy boroom peeñu ya
wax ak moom ci turu Aji Sax ji Yàllay
Israayil, lépp a ngoogu ca la ñu dippee
Jaar-jaari buuri Israayil.
19 Mu di ag ñaanam, di ni ñu ko ko
nangule ak mboolem bàkkaaram ak ñàkk
wormaam ak béreb ya mu tabax ay
jaamookaayi tuur, teg fa ay xer aki jëmm
ngir tuur ya, lu jiitu muy toroxlu, ba tuub,
tënkees na lépp ci kàdduy boroom peeñu ya.
20 Ba mu ko defee Buur Manase saay,
fekki ay maamam, ñu denc ko ca këram.
Amon doomam moo falu buur, wuutu ko.

*Lu jëm ci nguurug Amon*

21 Ñaar fukki at ak ñaar la Amon amoon
ba muy falu buur. Ñaari at la nguuru fa
Yerusalem.
22 Amon di def nag li Aji Sax ji ñaawlu, la
baayam Manase daan def. Mboolem tuur
ya Manase baayam sàkkoon la Amon daan
defal ay sarax, di leen jaamu.
23 Toroxluwul, tuubal Aji Sax ji, na
Manase baayam toroxloo woon, tuub.
Amon moom, ag tooñ la yokk.
24 Ci kaw loolu ay surgaam lalal ko pexe,
bóom ko ca biir këram.
25 Waa réew ma nag rey mboolem ña
fexeeloon Buur Amon. Ba loolu amee waa
réew ma fal buur, doomam Yosya, mu
wuutu ko.

# 34

*Lu jëm ci nguurug Yosya aki coppiteem*

1 Juróom ñetti at la Yosya amoon ba muy
falu buur, te fanweeri at ak benn la
nguuru fa Yerusalem.
2 Yosya di def li Aji Sax ji rafetlu, topp ci
tànk yi maamam Daawuda jaaroon, jàddul
fenn, du ndijoor, du càmmoñ.
3 Ci juróom ñetteelu atu nguuram, fekk
ko di ndaw ba tey, ci la tàmbalee wut Yàllay
Daawuda, maamam. Ca fukkeelu atam ak
ñaar, mu tàmbalee setal Yuda ak
Yerusalem, jële fa bérebi jaamookaay ya ak
xer ya ñuy jaamoo Asera tuur ma ak jëmmi
tuur yu ñu yatt ak yu ñu xelli.
4 Ci biir loolu ñu màbb fa kanamam
sarxalukaayi tuur ya ñuy wax Baal; andi
cuuraay ya woon ca kaw sarxalukaay ya,
mu toj leen; xer ya ñuy jaamoo Asera ak
jëmmi tuur ya ñu yatt ak ya ñu xelli, mu
rajaxe leen, wal leen ba mu mokk, mu suy
ko ca kaw bàmmeeli ña leen daan defal ay
sarax.
5 Yaxi sarxalkat ya, mu lakk leen ca seen
kaw sarxalukaay ya, daldi setal Yuda ak
Yerusalem.
6 Noonu la def it ca biir dëkki Manaseen
ña ak yu Efraymeen ña ak yu Cimyoneen
ña, ba ca dëkki Neftaleen ña ak gent ya
leen wër.
7 Sarxalukaay yaak xer ya ñuy jaamoo
Asera la màbb; jëmmi tuur ya, mu wal ba
mu mokk; andi cuuraayi tuur yépp, mu toj
leen ca mboolem réewum Israayil, doora
délsi Yerusalem.
8 Ca fukk ak juróom ñetteelu atu
nguuram, lépp ci biir cetalug réew ma ak
kër Yàlla ga, dafa yebal Safan doomu
Acalya, ak Maaseya, kàngamu dëkk ba, ak
bindkat ba Yowax doomu Yowaxas, ngir
ñu jagali kër Aji Sax ji Yàllaam.
9 Ñu dem ca Ilkiya sarxalkat bu mag ba,
jox ko xaalis ba nit ñi indi kër Yàlla ga, te
Leween ñay wattu buntu kër ga jële ko ca
Manaseen ña ak Efraymeen ña ak
mboolem ña des ci Israayil, ak mboolem
waa Yuda ak Beñamineen ña ak ña dëkk
Yerusalem.
10 Ba loolu amee ñu teg xaalis ba ca
loxoy ña ñu tabb ca caytug liggéeyu kër Aji
Sax ji, saytukati liggéeyu kër Aji Sax ja def
ko ca liggéeyub yeesal ba ak jagalub kër
Yàlla ga.
11 Ñu jox liggéeykati bant yi ak tabaxkat
yi lu ñu jënde doj yu ñu yatt ak dénki
lëkkalekaay ak lu ñu sàkke xànqi yeneen
tabax yu buuri Yuda bàyyi woon ñu yàqu.
12 Màndute la nit ña yeboo ca liggéey ba,
Leween ña ñu tabb ñu di leen jiite di Yaxat
ak Abdiyas, ñooñu soqikoo ci Merari; ak
Sàkkaryaa ak Mesulam, ñooñu soqikoo ca
Keyat. Leween ñooñu ñépp a mane woon
ay jumtukaayi xumbéen.
13 Ñoo yilifoon yenukat ya ak mboolem
liggéeykat ya, ci wàll wu ci nekk. Yenn
Leween ñi diy bindkat aki jawriñ aki fara

bunt.

### *Téereb yoonu Aji Sax ji feeñ na*

14 Ba ñuy génne xaalis ba ñu indi ca kër
Aji Sax ji, ca la sarxalkat ba Ilkiya gis
téereb yoonu Aji Sax ja Musaa jottali.
15 Ilkiya nag wax Safan bindkat ba ne
ko: «Téereb yoon wi de laa gis ci kër Aji Sax
ji.» Ci kaw loolu Ilkiya jox Safan téere ba.
16 Ba loolu amee Safan bindkat ba yóbbu
téere ba ca Buur, àggewaale ko kàddu ne ko:
«Mboolem lees dénkoon say surga, ñu ngi
koy def.
17 Xaalis ba nekkoon ca kër Aji Sax ji,
sotti nañu ko, ba teg ko ci loxol saytukat yi
ak ci loxol ñi jiite liggéey bi.»
18 Safan bindkat ba nag neeti Buur: «Ab
téere nag la ma Ilkiya sarxalkat bi jox.»
Safan jàngal ko Buur.
19 Ba Buur déggee kàdduy téereb yoon wi,
dafa xotti ay yéreem ndax njàqare.
20 Buur daldi sant Ilkiya ak Axikam
doomu Safan ak Abdon doomu Mise ak
Safan bindkat ba ak Asaya bëkk-néegu
buur, ne leen:
21 «Demleen leerlul ma ci Aji Sax ji,
laajaaleel ndes wi ci Israayil ak Yuda, ci
mbirum kàdduy téere bi feeñ. Sànjum Aji
Sax ji sottiku ci sunu kaw kat réy na, ndax
sunuy maam a sàmmul kàddug Aji Sax ji,
ngir jëfe mboolem noonee ñu ko binde ci
téere bii.»
22 Ilkiya daldi dem, ànd ak ña Buur
yebal, ba ca Ulda yonent bu jigéen ba doon
soxnas Salum wattukatub yére ya. Salum
di doomu Tokeyat doomu Asra*. Ulda ma
nga dëkkoon Yerusalem ca sanc ba. Ñu
wax ak moom.
23 Jigéen ja ne leen: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil nee: Xamalleen ki leen yebal ci
man ne ko:
24 “Aji Sax ji nee: Maa ngii di wàcce
musiba ci béreb bii ak ñi ko dëkke, muy
mboolem alkànde yi binde ci téere bi ñu
jàngal buurub Yuda.
25 Gannaaw ñoo ma dëddu, di taalal
yeneen yàlla cuuraay, ngir merloo ma ci
mboolem liggéey yu ñu defe seeni loxo,
sama sànj mooy yuriku ci béreb bii te du
fey.”
26 Buuru Yuda mi leen yónni, ngir ngeen
laajlusi ci Aji Sax ji nag, waxleen ko ne ko:
“Li Aji Sax ji Yàllay Israayil wax ci kàddu yi
ngeen dégg moo di:
27 Gannaaw yaa réccu ci sa xol, ba
toroxlu ci kanam Yàlla, ba nga déggee
kàddoom yi mu wax ci béreb bii mook ñi ko
dëkke, te yaa toroxlu tuubal ma, xotti say
yére, jooy fi sama kanam, man it dégg naa
la. Kàddug Aji Sax jee.
28 Maa ngii di la yóbbu nga fekki say
maam, dees na la yóbbu ak jàmm ca sa
bàmmeel te say bët du tegu ci mboolem
musiba mi may wàcce ci béreb bii ak ci
kaw ñi ko dëkke.”» Ba loolu amee ñu dellu,
yegge Buur kàddu ga.
29 Ci kaw loolu Buur Yosya yónnee, woo
mboolem magi Yuda ak Yerusalem, ñu
dikk.
30 Buur dem ca kër Aji Sax ji, ànd ak waa
Yuda gépp ak waa Yerusalem ak sarxalkat
yaak Leween ña ak askan wépp, ka gën di
mag ba ca gëna tuut. Mu jàngal leen, ñuy
dégg, mboolem kàdduy téereb kóllëre† bi
feeñ ci kër Aji Sax ji.
31 Buur nag taxaw ca bérebu boppam,
feddali kóllëre ga fa kanam Aji Sax ji, ngir
topp Aji Sax ji, di sàmme léppi xolam ak
léppi bakkanam ay santaaneem ak seedey
yoonam ak dogali yoonam, ngir jëfe
kàdduy kóllëre gi ñu bind ci téere bi.
32 Ci kaw loolu mu xiir mboolem ña mu
fekk Yerusalem ak diiwaanu Beñamin,
ngir ñu yebu ci. Waa Yerusalem it defe ko,
na mu dëppoo ak kóllëreg Yàlla, seen Yàllay
maam ya.
33 Yosya nag jële mboolem suufas bànni
Israayil, mboolem xërëm yu seexluwu. Mu
daldi xiirtal mboolem ña ca Israayil ci
jaamu Aji Sax ji seen Yàlla. La des ca janti
Yosya yépp, bànni Israayil dëdduwuñu Aji
Sax ji, seen Yàllay maam ya.

## 35

### *Yosya dekkal na bésub Mucc*

* **34.22** ***Tokeyat doomu Asra*** ak Tigwa doomu Aras, kenn ki la. † **34.30** ***téereb kóllëre bi*** mooy téereb yoonu Musaa wi. Seetal ci aaya 14, 15.

1 Yosya nag amal fa Yerusalem, màggalu
bésub Mucc ñeel Aji Sax ji. Ñu rendi gàttub
bésub Mucc, fukki fan ak ñeent ca weer wa
njëkk ca at ma.
2 Ci biir loolu mu delloo sarxalkat ya ca
seeni dénkaane, ñaax leen ca liggéeyu kër
Aji Sax ji.
3 Gannaaw loolu mu ne Leween ñi, ñoom
ñay xelal Israayil gépp, te di ñu ñu sellalal
Aji Sax ji. Mu ne leen: «Yebleen gaal gi ci
biir kër gi Suleymaan doomu Daawuda
buurub Israayil tabax. Dootul ab sëf ci
seeni mbagg. Léegi féetewooleen seen
liggéeyub Yàlla Aji Sax ji ak Israayil ñoñam.
4 Séddalikooleen ni ngeen bokke seeni kër
maam ak seeni kuréel, noonu ko Daawuda
buurub Israayil binde woon, te
Suleymaan doomam it binde ko ni.
5 Taxawleen ci kër gu sell gi, ànd ak seen
làngu kër maam, topp seen wàllu kër
maam ci biir Leween ñi, ngir ngeen
nekkal seen bokki askan wi dul ay
Leween.
6 Yeenay rendi gàttub bésu Mucc;
sellaluleen te waajalal seen bokki bànni
Israayil, ngir matal kàddug Aji Sax ji
Musaa jottali.»
7 Yosya nag génnee ca alali buur
fanweeri junniy (30 000) gàtt yu ndaw, ay
kuuy yu ndaw aki tef, lépp ngir saraxub
bésu Muccu mboolem bànni Israayil ga fa
teew, ak ñetti junniy (3 000) nag.
8 Ay jawriñam itam génne ab saraxu
yéene ñeel askan wa, ñook sarxalkat yaak
Leween ña. Ilkiya ak Sàkkaryaa ak Yexyel,
kilifay kër Yàlla ga, jox sarxalkat ya, ngir
bésub Mucc, ñaari junni ak juróom benni
téeméeri (2 600) boppi gàtt ak ñetti téeméeri
(300) nag.
9 Kilifay Leween ña, Konaña aki bokkam
Semaya ak Netaneel ak Asabya ak Yewel
ak Yosabàdd, ñoom it génneel Leween ña
juróomi junniy (5 000) gàtti bésub Mucc ak
juróomi téeméeri (500) nag.
10 Ba mu ko defee ñu waajal liggéey ba,
sarxalkat ya taxaw ca seen béreb, Leween
ña itam noonu, ñu topp seeni kuréel, na ko
Buur santaanee.
11 Ci kaw loolu ñu rendi gàtti bésub Mucc
ba, sarxalkat ya nangoo deret ja ca seeni
loxo, wis-wisal ko, Leween ña fees.
12 Ba loolu amee ñu ber saraxu
rendi-dóomal ba, ngir séddale ko askan wa,
na ñu bokke seeni kër maam, ngir ñu man
koo sarxalal Aji Sax ji, ni ñu ko binde ci
téereb Musaa. Nag ya itam, ñu def ko
noonu.
13 Ñu daldi wàjj saraxu bésu Mucc ba, na
ko yoon diglee, sarax yu sell ya, ñu baxal
ko ci ay pot aki cin aki njaq, daldi ko
yóbbul gaaw mboolem askan wa.
14 Gannaaw loolu la Leween ña waajalal
seen wàllu bopp ak wu sarxalkat ya ci
ndawal li, ndax sëti Aaróona sarxalkat ya,
saraxi rendi-dóomal ya ak lay nebbon ca
yeneen sarax ya, moom lañu yendoo lakk
ba guddi. Moo tax Leween ña waajal seen
wàll ci ndawal li ak wàllu sëti Aaróona
sarxalkat ya.
15 Doomi Asaf, woykat ya nag ña nga
féete seen béreb, na ko Daawuda
santaanee woon. Te muy Asaf, di Eman, di
Yedutun boroom peeñum Buur, di fara
bunt ya ca bunt yépp, du kenn ku ci
sañoona jóge ca liggéeyam, ndax seen bokki
Leween a leen waajalal lépp.
16 Noonu lañu defe bésub keroog
mboolem liggéeyub Aji Sax ji, ngir
wormaal bésub Mucc ak itam sarxe
rendi-dóomal ya, ca kaw sarxalukaayu Aji
Sax ji, noonee ko Buur Yosya santaanee.
17 Jant yooyu, bànni Israayil ga ko teewe,
diiru juróom ñaari fan lañu wormaal bésub
Mucc ak màggalu Mburu mu amul lawiir.
18 Yosya ak Leween ña ak mboolem waa
Yuda ak Israayil ga ko teewe, ak waa
Yerusalem, bésub Mucc ba ñu amal, bu ni
mel, ca janti Samiyel yonent ba ak janti
mboolem buuri Israayil, ba booba,
maseesu ko fa woona màggal.
19 Ca fukk ak juróom ñetteelu atu
nguurug Yosya lañu màggal bésu Mucc
boobu.

*Buur Yosya saay na*

20 Gannaaw loolu yépp, ba Yosya
defaraatee kër Yàlla ga ba noppi, ca la
Nekko buuru Misra dikk ngir xare fa
Karkemis, ca wetu dexu Efraat. Yosya nag
jóg ngir dogaleji ko.
21 Nekko yebal ay ndaw ca moom, ne ko:
«Yaw buurub Yuda, ana lu ma joteek yaw?
Du ci sa kaw laa jëm, bésub tey, waaye ca

kaw kër ga may xareel laa jëm. Yàllaa ma
sant ma gaaw nag, kon bul gàllankoor Yàlla
mi ànd ak man, lu ko moy mu sànk la.»
22 Teewul Yosya baña walbatiku bàyyi
ko, xanaa mu soppig col, ngir xareek
moom. Dégluwul kàdduy Nekko ya tukkee
ca gémmiñug Yàlla, xanaa mu dem xareji
ca xuru Megido.
23 Ci kaw loolu fittkat ya fitt Buur Yosya,
Buur ne ay surgaam: «Génneleen ma fii,
gaañu naa lool.»
24 Surgaam ya génne ko watiiram, yéege
ko ca beneen watiiram, delloo ko
Yerusalem, mu doora dee. Ba loolu amee,
ñu denc ko ca bàmmeeli maamam ya.
Mboolem Yuda ak Yerusalem ñaawlu nañu
ngir Yosya.
25 Yeremi yonent ba fent na woy wu mu
jooye Yosya, te booba ba sunu jonni yàllay
tey, mboolem woykat yi, góor ak jigéen
wax nañu ci Yosya, ci seen kàdduy jooytu,
ba ñu mujj def kàddu ya aada ci Israayil, te
mu ngoogu binde ca la ñu dippee Kàdduy
Jooytu.
26 Li des ci mbiri Yosya ak jëfi wormaam
yi dëppoo ak Yoonu Aji Sax ji,
27 jëfam yu njëkk yaak yu mujj ya, ña
ngoogu binde ca téere ba ñu dippee Buuri
Israayil ak Yuda.

# 36

## *Lu jëm ci nguurug Yowaxas*

1 Askanu réew ma nag jël Yowaxas
doomu Yosya, fal ko buur, mu wuutu
baayam fa Yerusalem.
2 Ñaar fukki at ak ñett la Yowaxas amoon
ba muy falu buur. Ñetti weer la nguuru fa
Yerusalem.
3 Buuru Misra moo ko jële Yerusalem, ba
noppi teg réew ma galagu fanweeri
barigoy xaalis ak ñeent (34), ak fanweeri
kiloy wurus ak ñeent (34).
4 Ci kaw loolu buuru Misra fal Elyakim
magu Yowaxas buurub Yuda ak
Yerusalem. Mu daldi soppi turam, tudde
ko Yoyakim. Yowaxas rakk ja moom,
Nekko jàpp ko, yóbbu Misra.

## *Lu jëm ci nguurug Yoyakim*

5 Ñaar fukki at ak juróom la Yoyakim
amoon ba muy falu buur, te fukki at ak
benn la nguuru fa Yerusalem. Muy def
nag li Aji Sax ji Yàllaam ñaawlu.
6 Moom la Nebukatnecar buuru Babilon
dal ci kawam, jénge ko jéngi xànjar, yóbbu
Babilon.
7 Lenn ca yëfi kër Aji Sax ja nag,
Nebukatnecar yóbbaale ko Babilon, yeb ko
ca màkkaanu buuram ca Babilon.
8 Li des ci mbiri Yoyakim ak jëf ju
seexluwu ja mu jëf ak la ñu ko gisal, ma
ngoogu binde ca téere ba ñu dippee Buuri
Israayil ak Yuda. Yoyakin doomam a falu
buur, wuutu ko.

## *Lu jëm ci nguurug Yoyakin*

9 Juróom ñetti at la Yoyakin amoon ba
muy falu buur, te ñetti weer ak fukki fan
la nguuru, Yerusalem di péeyam. Muy def
nag li Aji Sax ji ñaawlu.
10 Ba at ma délsee la Buur Nebukatnecar
yónnee, jëlsi ko yóbbu Babilon, boole ca yëfi
tànnéef yu kër Aji Sax ji. Ba loolu amee la
fal Cedesyas mbokkum Yoyakin, buurub
Yuda ak Yerusalem.

## *Lu jëm ci nguurug Cedesyas*

11 Ñaar fukki at ak benn la Cedesyas
amoon ba muy falu buur, te fukki at ak
benn la nguuru fa Yerusalem.
12 Muy def li Aji Sax ji Yàllaam ñaawlu,
toroxluwul, tuub fa kanam Yonent Yàlla
Yeremi ma waxe ndigalal Aji Sax ji.
13 Cedesyas fippu na itam ca kaw Buur
Nebukatnecar ma ko giñloo woon ci Yàlla
ne moom lay nangul. Daa sajju loos, të
ticc, baña dellusi ci Aji Sax ji Yàllay Israayil.
14 Rax ci dolli mboolem njiiti sarxalkat
ya ak askan wa gënatee jëfe ag ñàkk
worma, di roy mboolem jëf ju seexluwu ju
xeet yi nekke, ba sobeel kërug jaamookaay
gi Aji Sax ji sellaloon ngir boppam fa
Yerusalem.

## *Mbugal ñeel na Yerusalem*

15 Aji Sax ji seen Yàllay maam ya yónnee
na leen ay yooni yoon ay ndaw, ndax
ñeewante ñoñam ak màkkaanam.
16 Teewul ñuy kókkali ndawi Yàlla, di
teddadil ay kàddoom, di ñaawal ay
yonentam. Sànjum Aji Sax ji nag mujj jógal
ñoñam, ba menn paj manatu cee am.
17 Moo indi ci seen kaw buurub waa
Babilon, mu reye saamar seeni

waxambaane, ba ca biir këru gu sell ga,
ñeewantewul kenn; du ndaw lu góor, dub
janq, du mag, du ku weex tàll ak bijjaaw.
Ñépp la Yàlla teg ci ay loxoom.
18 Ci biir loolu mboolem yëfi kër Yàlla ga,
yu mag yaak yu ndaw ya ak denci kër Aji
Sax ja ak denci kër buur aki jawriñam, lépp
la boole yóbbu Babilon.
19 Ñu lakk kër Yàlla ga, màbb tatay
Yerusalem, mboolem këri buuram, ñu
lakk, mboolem lu ca gànjare, ñu yàq ko.
20 Ba mu ko defee, ndes wa mucc
saamar, mu jàpp leen yóbbu ngàllo ca
Babilon, ñu doon ay jaamam, moom aki
doomam, ba keroog nguurug Pers mujj
teg tànk.
21 Loolu nag moo sottal kàddu ga Aji Sax
ji wax jaarale ko ci gémmiñug Yonent Yàlla
Yeremi* bi mu nee diiru juróom ñaar fukki
at la réew mi di gental, ngir fey Ati Noflaay
ya ñu sàmmul woon†.
22 At ma njëkk ca nguurug Sirus buuru
Pers‡, Aji Sax ji moo nammoona sottal
kàddu ga mu waxe ca gémmiñug Yonent
Yàlla Yeremi, ba tax mu xiir Sirus buuru
Pers, mu siiwtaane ab dogal ci mboolem
réewam, boole ci bind ko ne:
23 «Sirus buuru Pers dafa wax ne:
Mboolem réewi àddina, Yàlla Boroom
asamaan§ moo ma leen dénk, te moom
moo ma tabb, ngir ma tabaxal ko kër ca
Yerusalem ga ca Yuda. Képp ku bokk ci
mboolem ñoñam, yal na Aji Sax ji Yàllaam
ànd ak moom, mu dem Yerusalem.»

---

* **36.21** Seetal ci *Yeremi* 25.11; 29.10. † **36.21** ***Ati Noflaay:*** seetal ci *Sarxalkat yi* 25.1-13; 26.34. ‡ **36.22** Mooy at ma buuru Pers njëkka falu ci Babilon ak ci yeneen réew ya mu tegoon loxo. § **36.23** ***Yàlla Boroom asamaan*** turu darajaal la bu ñuy waxe ci gàttal ne mooy Yàllay asamaan ak suuf, muy wund ne du Israayil rekk lay seen Yàlla, waaye mooy Yàllay àddina sépp.

# Esra

Téereb *Esra* moo faramfàcce dellusig bànni Israayil ca réewum Yuda, gannaaw ngàllo ga ñu nekke woon ca Babilon ak gannaaw ba waa Pers nootee Babilon. Menn mbooloo mu mag moo njëkka ñibbi. Sorobabel, sëtu Buur Yoyakin mi ñu yóbbu woon ngàllo ca Babilon, moo leen jiite ci tabaxaat kër Yàlla ga. Xeex bu metti nag la jàmbur yi sooke, waaye mujj na sotti, ñu jagleel ko màggug Yàlla gi.

Ci tënk:

1.1—2.70 Mbooloo mu mag ñibbi na Yerusalem.
3.1-13 Tabaxaat kër Yàlla ga door na.
4.1-24 Tabaxaat kër Yàlla ga taxaw na.
5.1—6.22 Liggéeyu jaamookaay bi sotti na, ba ñu delloo ko Yàlla.
7.1—8.36 Esra jiite na mbooloo ñu ñibbi Yerusalem.
9.1—10.44 Esra jànkoonte na ak séy yu dox diggante waa bànni Israayil ak ñi askanoowul ci ñoom.

## *Lu jëm ci dogalu Sirus*

1 At ma njëkk ca nguurug Sirus buuru
Pers, Aji Sax ji moo nammoona sottal
kàddu ga mu waxe ca gémmiñug Yonent
Yàlla Yeremi*, ba tax mu xiir Sirus buuru
Pers, mu siiwtaane ab dogal ci mboolem
réewam, boole ci bind ko ne:
2 Sirus buuru Pers dafa wax ne:
«Mboolem réewi àddina, Yàlla Boroom
asamaan† moo ma leen dénk, te moom
moo ma tabb, ngir ma tabaxal ko kër ca
Yerusalem ga ca Yuda.
3 Képp ku bokk ci mboolem ñoñam, yal
na Yàllaam ànd ak moom, mu dem
Yerusalem ga ca Yuda, tabax fa kër Aji Sax
ji Yàllay Israayil, Yàlla ja ca Yerusalem.
4 Mboolem bànni Israayil ak fu ci nit
mana féete, na ko waa foofa indil ndimbal
ci wàllu xaalis ak wurus, alal aku jur ak
saraxi yéene yu jëm ca kër Yàlla ga ca
Yerusalem.»
5 Ba mu ko defee ña jiite waa kër Yuda
ak Beñamin ak sarxalkat yaak Leween ña,
képp ku ci Yàlla xiir rekk, mu daldi dem
tabaxi kër Aji Sax ja ca Yerusalem.
6 Mboolem seeni dëkkandoo daldi def ci
seen loxo jumtukaayi xaalis ak wurus,
alal akug jur ak gànjar, te bokkul ak
mboolem seen saraxi yéene.
7 Ci biir loolu Buur Sirus génne ndabi kër
Aji Sax ja Nebukatnecar‡ jële woon
Yerusalem te yeboon ko ca kër tuuram ya.
8 Sirus buuru Pers nag sant Mittredat
farbay alalam, mu génne ko, daldi koy
waññal Sesbacar, boroom Yuda.
9 Lenn ci lim bi tëdde nii: fanweeri (30)
ndabi wurus ak junniy (1 000) ndabi xaalis
ak ñaar fukki paaka ak juróom ñeent (29)
10 ak fanweeri (30) këlli wurus yu ndaw
yu ànd ak ñeenti téeméeri këll ak fukk (410)
yu ndaw yu xaalis ak junniy (1 000)
jumtukaay yeneen.
11 Mboolem ndabi wurus yeek yu xaalis
yi juróomi junni la ak ñeenti téeméer (5 400).
Sesbacar jële lépp Babilon, yóbbu
Yerusalem, ba ngàllo gay ñibbi.

# 2

## *Limeefu ngàllo ga ñibbisi nii la*

1 Ñii nag ñoo di niti diiwaanu Yuda, ña
jóge njaam ca ngàllo ga leen Nebukatnecar
buuru Babilon yóbbu woon, te ñu jóge ca
ñibbisi Yerusalem ak Yuda, ku nekk ak fa
mu dëkk.
2 Ña nga ñibbi ca njiital Sorobabel ak
Yosuwe* ak Neyemi ak Seraya ak Reelaya
ak Mardose ak Bilsan ak Mispar ak
Bigway ak Rexum ak Baana.
Limeefu góori bànni Israayil nii la tëdde:
3 Askanu Paros, ñaari junni ak téeméer
ak juróom ñaar fukk ak ñaar (2 172) lañu.
4 Askanu Sefatiya, ñetti téeméer ak
juróom ñaar fukk ak ñaar (372) lañu.

---

* **1.1** Seetal ci Yeremi 25.11-12; 29.10. † **1.2** ***Yàlla Boroom asamaan*** turu darajaal la bu ñuy waxe ci gàttal ne mooy Yàllay asamaan ak suuf, muy wund ne du Israayil rekk lay seen Yàlla, waaye mooy Yàllay àddina sépp. ‡ **1.7** ***Nebukatnecar*** mooy Nabukodonocor ba tey. * **2.2** ***Yosuwe:*** Yesuwa ci làkku ebrë. Yosuwe lanu bind ci tekki bii, muy doomu Yoccadag te doon sarxalkat bu mag bi mujj lu jiitu ngàllo ga ca Babilon. Yosuwe mii lu gëna bare dees na ko tuddaaleek Sorobabel. Feneen fu ñu ne Yesuwa ci téere bi, keneen a tax ñuy wax.

5 Askanu Ara, juróom ñaari téeméer ak
juróom ñaar fukk ak juróom (775) lañu.
6 Askanu Paxat Mowab, soqikoo ci
Yesuwa ak Yowab, di ñaari junni ak juróom
ñetti téeméer ak fukk ak ñaar (2 812).
7 Askanu Elam, junni ak ñaari téeméer ak
juróom fukk ak ñeent (1 254) lañu.
8 Askanu Sàttu, juróom ñeenti téeméer ak
ñeent fukk ak juróom (945) lañu.
9 Askanu Sakay, juróom ñaari téeméer ak
juróom benn fukk (760) lañu.
10 Askanu Bani, juróom benni téeméer ak
ñeent fukk ak ñaar (642) lañu.
11 Askanu Bebay, juróom benni téeméer
ak ñaar fukk ak ñett (623) lañu.
12 Askanu Asgàdd, junni ak ñaari téeméer
ak ñaar fukk ak ñaar (1 222) lañu.
13 Askanu Adonikam, juróom benni
téeméer ak juróom benn fukk ak juróom
benn (666) lañu.
14 Askanu Bigway, ñaari junni ak juróom
fukk ak juróom benn (2 056) lañu.
15 Askanu Adin, ñeenti téeméer ak juróom
fukk ak ñeent (454) lañu.
16 Askanu Ater, soqikoo ci Esekiyas, di
juróom ñeent fukk ak juróom ñett (98).
17 Askanu Beccay, ñetti téeméer ak ñaar
fukk ak ñett (323) lañu.
18 Askanu Yora, téeméer ak fukk ak ñaar
(112) lañu.
19 Askanu Asum, ñaari téeméer ak ñaar
fukk ak ñett (223) lañu.
20 Askanu Gibar, juróom ñeent fukk ak
juróom lañu (95).

21 Waa Betleyem, téeméer ak ñaar fukk
ak ñett (123) lañu.
22 Waa Netofa, juróom fukk ak juróom
benn (56) lañu.
23 Waa Anatot, téeméer ak ñaar fukk ak
juróom ñett (128) lañu.
24 Waa Asmawet, ñeent fukk ak ñaar (42)
lañu.
25 Waa Kiryaat Yarim ak Kefira ak
Beerot, juróom ñaari téeméer ak ñeent fukk
ak ñett (743) lañu.
26 Waa Raama ak Geba, juróom benni
téeméer ak ñaar fukk ak benn (621) lañu.
27 Waa Migmas, téeméer ak ñaar fukk ak
ñaar (122) lañu.
28 Waa Betel ak Ayi, ñaari téeméer ak ñaar
fukk ak ñett (223) lañu.
29 Waa Nebo, juróom fukk ak ñaar (52)
lañu.
30 Waa Magbis téeméer ak juróom fukk
ak juróom benn (156) lañu.
31 Waa Elam gu ndaw, junni ak ñaari
téeméer ak juróom fukk ak ñeent (1 254)
lañu.
32 Waa Arim, ñetti téeméer ak ñaar fukk
(320) lañu.
33 Waa Lodd ak Adidd ak Ono, juróom
ñaari téeméer ak ñaar fukk ak juróom (725)
lañu.
34 Waa Yeriko, ñetti téeméer ak ñeent
fukk ak juróom (345) lañu.
35 Waa Senaa, ñetti junni ak juróom
benn téeméer ak fanweer (3 630) lañu.

36 Sarxalkat yi ñii la: askanu Yedaya,
soqikoo ci waa kër Yosuwe, di juróom
ñeenti téeméer ak juróom ñaar fukk ak ñett
(973).
37 Askanu Imer, junni ak juróom fukk ak
ñaar (1 052) lañu.
38 Askanu Pasur, junni ak ñaari téeméer
ak ñeent fukk ak juróom ñaar (1 247) lañu.
39 Askanu Arim, junni ak fukk ak juróom
ñaar (1 017) lañu.

40 Leween ñi ñii la: askanu Yesuwa ak
Kadmiyel. Mooy ñi bànqaasoo ci Odawya,
tollu ci juróom ñaar fukk ak ñeent (74).

41 Woykat yi ñoo di askanu Asaf, di
téeméer ak ñaar fukk ak juróom ñett (128).

42 Askanu fara bunt yi ñoo di askanu
Salum ak askanu Ater ak askanu Talmon
ak askanu Akub ak askanu Atita ak
askanu Sobay, ñépp di téeméer ak fanweer
ak juróom ñeent (139).

43 Liggéeykati kër Yàlla gi ñoo di askanu
Cixa ak askanu Asufa ak askanu Tabawot
44 ak askanu Keros ak askanu Siya ak
askanu Padon
45 ak askanu Lebana ak askanu Agaba
ak askanu Akub
46 ak askanu Agab ak askanu Salmay ak
askanu Xanan
47 ak askanu Gidel ak askanu Gaxar ak
askanu Reyaya
48 ak askanu Reccin ak askanu Nekoda
ak askanu Gasam
49 ak askanu Usa ak askanu Paseya ak
askanu Besay
50 ak askanu Asna ak askanu
Mewuneen ña ak askanu Nefusim

51 ak askanu Bagbug ak askanu Akufa
ak askanu Arur
52 ak askanu Bacclut ak askanu Mexida
ak askanu Arsa
53 ak askanu Barkos ak askanu Sisera ak
askanu Temax
54 ak askanu Necciya ak askanu Atifa.
55 Askanu jaami Suleymaan ñii la:
askanu Sotay ak askanu Soferet ak askanu
Peruda
56 ak askanu Yaala ak askanu Darkon ak
askanu Gidel
57 ak askanu Sefatiya ak askanu Atil ak
askanu Pokeret Accebayim ak askanu
Aami.
58 Mboolem liggéeykati kër Yàlla gi ak
askanu jaami Suleymaan yi, ñetti téeméer
ak juróom ñeent fukk ak ñaar (392).
59 Ña bàyyikoo Tel Melax ak Tel Arsa ak
Kerub Adon ak Imer te manuñoo firndeel
ne seen waa kër maam ak seen askan ci
Israayil lañu bokk, ñii la:
60 askanu Delaya ak askanu Tobya ak
askanu Nekoda, di juróom benn téeméer
ak juróom fukk ak ñaar (652).
61 Am na it ñu loolu daloon ci askanu
sarxalkat yi, muy askanu Abaya ak
askanu Akocc ak askanu Barsilay ma
doon denc doomu Barsilay waa Galàdd ba,
ba tax ñu santale ko seen sant.
62 Ñooñu, seet nañu seen limeefu kër
maam, waaye gisuñu ko. Ñu daldi leen
doyadal, génne leen ci carxal gi.
63 Boroom dëkk ba nag aaye leen ñu lekk
ci ñam yu sell yaa sell, ba keroog ab
sarxalkat di am lu leer ci ñoom ci
jumtukaayi tegtal yi ñuy wax Urim ak
Tumim.
64 Limu mbooloo ma mépp ba mu daj,
ñeent fukki junneek ñaar ak ñetti téeméer
ak juróom benn fukk (42 360) lañu,
65 te limaaleesul seen jaam yu góor ak yu
jigéen yi tollu ci juróom ñaari junni ak ñetti
téeméer ak fanweer ak juróom ñaar (7 337).
Amoon nañu itam ay woykat yu góor ak yu
jigéen yu tollu ci ñaari téeméer (200).
66 Amoon nañu juróom ñaari téeméeri fas
ak fanweer ak juróom benn (736) ak ñaari
téeméeri berkelle ak ñeent fukk ak juróom
(245)
67 ak ñeenti téeméeri giléem ak fanweer
ak juróom (435) ak juróom benni junniy
mbaam ak juróom ñaari téeméer ak ñaar
fukk (6 720).
68 Ba ñu àggee ca kër Aji Sax ja ca
Yerusalem, am na ñenn ca kilifa ya jiite
seen kër baay, ñu joxe ay saraxi yéene ngir
tabaxaat kër Yàlla ga ca gentam.
69 Joxe nañu ku nekk la mu man, jëme ca
alal ja ñuy liggéeye, muy juróomi barigoy
wurus ak fanweeri barigoy xaalis ak
téeméeri jàllaabiy sarxalkat.
70 Ba loolu amee bànni Israayil gépp
sancaat ca seen dëkki cosaan, sarxalkat
yaak Leween ñaak ñenn ca baadoolo yaak
woykat yaak fara bunt yaak liggéeykati kër
Yàlla ga.

# 3

*Njaamug Aji Sax ji feddaliku na*

1 Ba juróom ñaareelu weer wa agsee, fekk
na bànni Israayil sancaat ca seeni dëkk,
mbooloo ma daje doon benn bopp ca
Yerusalem.
2 Ba mu ko defee Yosuwe doomu
Yoccadag, mook moroomi sarxalkatam,
ak Sorobabel doomu Selcel aki bokkam
daldi tabax sarxalukaayu Yàllay Israayil,
ngir sarxal ca saraxu dóomal ba, mu
dëppook li ñu bind ci téereb yoonu Musaa,
góorug Yàlla ga.
3 Ci kaw loolu ñu yékkatiwaat
sarxalukaay ba, ca fondmaa bu njëkk ba,
doonte ragaloon nañu waasoy réew ma.
Ba ñu noppee, defal ca Aji Sax ji ay saraxi
dóomal subaak ngoon.
4 Ñu teg ca amal màggalu Mbaar ya, mu
dëppook la ñu bind, boole kook saraxu
dóomal yi war bés bu nekk.
5 Gannaaw loolu ñu wéy ci joxe saraxu
dóomal bi, ak saraxi Terutel weer ya, ak
sarax yu sell yi war ci mboolem màggali
Aji Sax ji, ak mboolem saraxi yéene yi ñuy
indil Aji Sax ji.
6 Benn fan ca juróom ñaareelu weer wa
lañu tàmbalee defal Aji Sax ji ay saraxi
dóomal, te fekkul ñu lalaat fondmaa kër Aji
Sax ji.
7 Ci biir loolu ñu jox xaalis yattkati doj
yeek tabaxkat yi, jox waa Sidon ak waa Tir
ab dund aki naan akug diw, ngir ñu jëleji

Libaŋ ay banti seedar, jaarale ko ci géej gi
ba Yafa, ci ndigalal Sirus buuru Pers.
8 Ba ñu dikkee ca kër Yàlla ga ca
Yerusalem, ba ca déwén sa, ca ñaareelu
weeru at ma, Sorobabel doomu Selcel ak
Yosuwe doomu Yoccadag ànd nañook ña
des ca seeni bokk, sarxalkat yaak Leween
ñaak mboolem ña jóge ca njaam ga délsi
Yerusalem. Ñu daldi tàmbali liggéey bi. Ci
biir loolu ñu tabb ay Leween ñu am ñaar
fukki at jëm kaw, ñuy saytu liggéeyu kër Aji
Sax ja.
9 Yesuwa nag jàpp ca, mook doomam yu
góor aki bokkam, ak Kadmiyel ak
doomam yu góor, ñuy askanu Odawya. Ñu
mànkoo di jiite liggéeykat yiy tabaxaat kër
Yàlla ga. Waa askanu Enadàdd jàppale
nañu leen ci, ñook seen doom yu góor ak
seen bokki Leween ña.
10 Ba tabaxkat ya lalee fondmaa kër Aji
Sax ji, ñu tabb ay sarxalkat. Ñu solu ba
jekk, yor ay liit, feggook Leween ña
askanoo ca Asaf, ànd ak tëggum weñ, di
màggal Aji Sax ji, muy la Daawuda buurub
Israayil digle woon.
11 Ña ngay woy, kee dëbbe, kee awu, di
màggal aka sant Aji Sax ji, naan:
«Kee baax.
Kee gore ba fàww ci Israayil.»
Ci kaw loolu mbooloo ma mépp xaacu, di
ko màggale Aji Sax ji ngir li fondmaa kër
Aji Sax ja lale.
12 Teewul ñu bare ca ña féete mag, diy
sarxalkat aki Leween aki boroom kër,
gisoon nañu kër gu njëkk ga. Ba ñu gisee
fondmaa kër gu bees ga, dañoo yékkati
seen kàddu ca kaw di jooy, ñu bare it di
xaacu ndax mbégte.
13 Kenn manuloona ràññee coowal mbégte
laak jooy ya ndax riiru mbooloo mu réy, di
àkki fu sore.

# 4

## *Liggéey baa ngi sooxe*

1 Ba nooni Yudaak Beñamin déggee ne
waa ngàllo ga ñibbisee ngay tabaxal Aji Sax
ji Yàllay Israayil kër,
2 ñëw nañu ca Sorobabel ak ca kilifay
kër ya, wax leen ne leen: «Danuy ànd ak
yeen tabax ndax danuy topp seen Yàlla ni
yeen, te ca jamonoy Asaradon buurub
Asiri mi nu fi indi ba tey, Aji Sax ji lanuy
defal sarax.»
3 Sorobabel nag ànd ak Yosuwe ak
yeneen kilifay kër Israayil ya ne leen:
«Dungeen bokk ak nun tabax sunu kër Yàlla
gi. Nun doŋŋ ay tabaxal Aji Sax ji Yàllay
Israayil, te loolu la Sirus buuru Pers
santaane.»
4 Ci biir loolu waa réew ma di yoqiloo
waa Yuda, di leen xoqtal, ba ñu ragala
tabax.
5 Diirub nguurug Sirus buuru Pers, ba
ca nguurug Daryus buuru Pers, waa réew
ma dañu daan fey ay xelalkati buur ngir
ñuy nasaxal pexey bànni Israayil.
6 Ca ndoortel nguurug Aserus nag, ñu
bind Aserus bataaxal buy duural waa
Yudaak Yerusalem.
7 Ba tey ci janti Artaserses ku ñuy wax
Bislam ak ku ñuy wax Mittredat ak Tabeel
aki naataangoom, bind nañu Artaserses
buuru Pers bataaxal bu ñu doore nii ci
làkku arameen bala ñu koo tekki.
8 Rexum boroom dëkk ba, ak Simsay
bindkatam, ñoo bind Buur Artaserses
bataaxal bii jëm ci Yerusalem, di ko wax
ne ko:
9 «Bataaxal bii mu ngi bawoo ci Rexum,
boroom dëkk bi, ak Simsay bindkatam, ak
seen naataangoy àttekat yeek kàngam yeek
saytukat yeek boroom téere yi*, ak waa
Urug ak waa Babilon ak waa Sus, Elameen
ña,
10 bawoo it ci yeneen mbooloo ya
Asnapar† mu mag mu tedd ma toxaloon,
sancal leen ca dëkki Samari ak li des ca
Wàllaa Efraat, ak ñoom seen.»
11 Li ñu bind ci bataaxal ba jëm ca Buur
Artaserses mooy lii:
«Nun sa surga yii ci Wàllaa Efraat ak li
ci topp,
12 nu ngi lay xamal yaw Buur, ne
Yawut ñi bàyyikoo fi yaw, ñëw fii ci nun,
agsi nañu Yerusalem, dëkku fippukat bu
bon bi, te ñu ngi koy tabaxaat. Ña ngay

* **4.9** Ñeenti xeeti ndomboy tànk yi ñu lim fii am na tekki yu fi wuutal ñeenti turi dëkk. Su doon noonu dañu naan: *ak seen naataango ya ca Din ak Arfasatag ak Tarpel ak Afaras,* † **4.10** ***Asnapar:*** jombul mooy Asurbanipal mi wuutu Àccar Adon ci jalu Asiri.

yékkati tata ya, gannaaw ba ñu lalaatee fondmaa ya.
13 Léegi nag Buur, xamal ne bu ñu
tabaxaatee dëkk boobu, ba yékkatiwaat tata ya, galag mbaa njoti bopp mbaa juuti dootuñu ko fey, te kon koomu nguur gi dina ko yég.
14 Gannaaw nag sunu njël a ngi jóge ci
Buur, jekkul ci nun nuy seetaan mbir mii. Looloo waral, Buur, nu yónnee, di la ko xamal,
15 ngir ñu seet ci sa téereb xew-xewi
maam. Kon dinga ko ci gis ba xam ne dëkk boobu dëkku fippukat la, te sonal na ay buur aki boroom dëkk, te naka jekk dañu daan fippu ci seen biir. Looloo tasoon dëkk boobu.
16 Buur, nu ngi lay xamal ne bu ñu
tabaxaatee dëkk boobu, ba yékkatiwaat tata ya, wetu Wàllaa Efraat gii dootul doon sag moomeel.»
17 Ci kaw loolu Buur yónnee tont la
Rexum boroom dëkk ba, mook Simsay bindkat ba, ak naataangoom ya ca des te dëkk Samari ak la des ca Wàllaa Efraat. Mu nuyu leen, ne leen:
18 «Bataaxal bi ngeen ma yónnee,
tekkees na ko, jàngal ma ko bu leer.
19 Ndigal tukkee na ci man, ngir ñu
seet te gis nañu ne dëkk boobu kay yàgg nañoo fexeel buur yi, loolu indi fa ay fippooki pexey bañ.
20 Yerusalem nag amoon na buur yu
am doole yu moom mboolem wet ga ca Wàllaa Efraat, ñu di leen fey galag ak njoti bopp ak juuti.
21 Nangeen daldi joxe ndigal lu
bàyyiloo nit ñooñu liggéey bi, ñu baña tabax dëkk boobu, ba keroog ma di ci joxe ndigal.
22 Fexeleen ba baña néewal mbir
moomu bala muy law, ba doon loraange ci nguur gi.»
23 Naka lañu jàng bataaxalu Buur
Artaserses fa kanam Rexum boroom dëkk ba, ak Simsay bindkat ba aki naataangoom, ñu ne coww ba Yerusalem, ca Yawut ña, jaay leen doole, gétën leen, ñu bàyyi liggéey ba.
24 Ci kaw loolu liggéeyu kër Yàlla ga ca
Yerusalem taxaw. Taxaw na ba ca ñaareelu atu nguurug Daryus buuru Pers.

# 5

## *Liggéey bi dooraat na*

1 Gannaaw loolu Yonent Yàlla Ase ak
Yonent Yàlla Sàkkaryaa sëtub Ido, wax nañu ci turu Yàllay Israayil jiy seen Yàlla, ñeel Yawuti Yuda ak Yerusalem.
2 Booba la Sorobabel doomu Selcel, ak
Yosuwe doomu Yoccadag tàmbalee tabaxaat kër Yàlla ga ca Yerusalem. Yonenti Yàlla ya nag ànd ak ñoom, di leen jàppale.
3 Booba la Tatnay, boroom Wàllaa Efraat,
ànd ak Setar Bosnay ak seeni naataango, dikk ne leen: «Ana ku leen may sañ-sañu tabaxaat kër gii, bay yékkati miir bi?»
4 Ñu dellu ne leen: «Ana ñan sax ñooy
tabax taax mii?»
5 Fekk na seen Yàllaa ngi ne jàkk ci magi
Yawut ñi, ba kenn bàyyiwul liggéey ba, ba keroog ñuy yónnee xibaar ba Buur Daryus, ba jot ci bataaxalu tontam ca mbir ma.
6 Bataaxal ba ñu bind Buur Daryus, te
Tatnay boroom Wàllaa Efraat yónnee ko ko, mook Setar Bosnay, ak jawriñi Tatnay ca Wàllaa Efraat, lii moo ca nekk.
7 Kàddu ga nii la tëdde:
«Buur Daryus, nu ngi lay bind, di la dikke sunu nuyoob jàmm ju sax.
8 Buur, nu ngi lay xamal ne dem nanu ca
diiwaanu Yuda, ca kër Yàlla ju màgg ja. Ña nga koy tabaxe doj yu mag, di teg ay dénk ca miir ya. Liggéey baa ngay dox bu baax, di jëm kanam.
9 «Ci biir loolu laaj nanu seen mag
ñooñu, ne leen: "Ana kan moo leen may sañ-sañu tabaxaat kër Yàlla gii, bay yékkati miiram bii?"
10 Nu laaj leen itam ñan ñoo koy tabax,
ndax nu mana bind seen turi njiit, ba xamal la ñan la.
11 «Li ñu nu tontu mooy lii: "Nun ay
jaami Yàlla Boroom asamaan ak suuf lanu. Danuy tabaxaat kër Yàlla gi ñu tabaxoon lu jiitu ay at yu bare. Buurub Israayil bu mag moo ko tabaxoon ba sottal ko.
12 Sunuy maam nag ñoo merloo Yàllay
asamaan, ba tax mu teg leen ci loxoy Nebukatnecar buuru Babilon ma askanoo

ci waa Kalde. Mu toj kër gii, yóbbu xeet wi
ngàllo ca Babilon.
13 Terewul ca at ma njëkk ca nguurug
Sirus buuru Babilon*, Buur Sirus joxe
ndigal ngir ñu tabaxaat kër Yàlla gii.
14 Te sax ndabi wurus ak xaalis yu kër
Yàlla ya Nebukatnecar jële woon ca
Yerusalem, te yóbbu ko ca kër tuuram ga
ca Babilon, Buur Sirus jële na ko ca kër
tuuram ga ca Babilon, teg ko ca loxol ku
mu fal boroom dëkk ba, ñu di ko wax
Sesbacar.
15 Mu ne ko: 'Ndab yii, jël ko yóbbu ca kër
Yàlla ga ca Yerusalem, te nañu tabaxaat
kër Yàlla ga fa mu nekkoon.'
16 Sesbacar moomu nag ñëw lal
fondmaa kër Yàlla gi ci Yerusalem. Booba
ba léegi, ñu ngi koy tabax waaye
noppeegul."
17 «Léegi nag Buur, su la soobee, nañu
seet ca denci buur, foofu ci Babilon, ngir
wóorlu ndax Buur Sirus joxe woon na
ndigal ne ñu tabaxaat kër Yàlla gi ci
Yerusalem. Gannaaw loolu loo dogal ci
mbir mi rekk, Buur, yónneel, jottali nu ko.»

# 6

## *Buur Daryus joxe na ndigal*

1 Ba loolu amee Buur Daryus joxe
ndigal, ñu seet ca kërug dencukaayi téere
ya, fa ñu denc alali Babilon.
2 Ñu gis ca Egbatan, péeyub diiwaanu
Medd, téere bu ñu taxañ te ñu bind ci
seede bii:
3 «At ma njëkk ca nguurug Buur Sirus,
Buur Sirus joxe na ndigal ci mbirum kër
Yàlla ga ca Yerusalem. Mu ne: "Nañu
tabaxaat kër Yàlla gi, muy béreb bu ñuy
sarxee ay sarax. Nañu dëgëral fondmaa ya.
Na taxawaay bi ci kër Yàlla ga di juróom
benn fukki xasab*, yaatuwaay bi di
juróom benn fukki xasab,
4 te ñetti sësalantey doj yu mag yu tegloo
yu ne, ab sësalanteb dénk tege ca kawam.
Nañu génnee njëg ga ca alali Buur, joxe ko.
5 Bu loolu weesoo, ndabi wurus yaak yu
xaalis ya woon ca kër Yàlla ga, te
Nebukatnecar jële woon ko ca kër Yàlla ga
ca Yerusalem, indi ko Babilon, nañu ko
delloo fa mu nekkoon ca kër Yàlla ga ca
Yerusalem te fat ko fa."»
6 Gannaaw loolu Buur Daryus joxe
ndigal lii: «Kon nag ñooñu di Tatnay
boroom Wàllaa Efraat ak Setar Bosnay ak
seen naataango yay jawriñ ca Wàllaa
Efraat, nañu sore foofa.
7 Buleen tere liggéeyu kër Yàlla gee dox.
Na boroom dëkki Yawut ñi ànd ak magi
Yawut ñi, ñu tabaxaat kër Yàlla googu fa
mu nekkoon.
8 «Rax ci dolli ndigal a ngii tukkee ci
man, jëm ci li ngeen wara defal magi
Yawut yooyu ci biir liggéeyu kër Yàlla
googu: Njëg ga mu leen dikke, nañu leen
ko fey ba mu mat, jële ko ca alali buur, ca
galagi diiwaan ba ca Wàllaa Efraat. Nañu
ko fey ñooñu, ba liggéey ba baña taxaw.
9 Mboolem lu ci war, muy yëkk yu ndaw
mbaa ay kuuy mbaa ay xar yu ndaw yu
ñuy defal Yàlla Boroom asamaan saraxu
dóomal, muy bele it mbaa xorom mbaa
biiñ mbaa diw, lu ci sarxalkati Yerusalem
laaj, nañu leen ko jox bés ak bés, te bañ
koo sàggane.
10 Su ko defee ñu mana sarxalal ay sarax
yu xet gi neex Yàlla Boroom asamaan, tey
ñaanal Buur aki doomam gudd fan.
11 «Gannaaw loolu ndigal a ngii tukkee ci
man ñeel képp ku tebbi bii dogal: Dees na
roccee ca néegam ab xànq, yékkati ko, wékk
ko ca, ba noppi def këram ab sën ndax
jëfam jooju.
12 Yàlla ji dëël turam boobu béreb nag,
yal na daaneel bépp buur mbaa xeet wuy
fexee tebbi bii dogal, ba nara yàq kër Yàlla
gii ci Yerusalem.
«Man Daryus maa joxe ndigal lii. Nañu ci
farlu.»
13 Ba mu ko defee Tatnay boroom Wàllaa
Efraat, ak Setar Bosnay ak seeni
naataango daldi xar seen tànku tubéy ci
jëfe ndigal la Buur Daryus joxe.
14 Magi Yawut ña nag tabax ba mu baax,
mu dëppook kàdduy Yonent Yàlla Ase ak
Sàkkaryaa, sëtub Ido. Ñu tabax ba sottal,

* **5.13** ***Sirus buuru Babilon*** bi ñuy wax fii mooy Buuru Pers rekk, ndax fekk na Pers moom nguurug Babilon.
* **6.3** ***xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

muy la Aji Sax ji Yàllay Israayil santaane
woon, te dëppook ndigalul Sirus ak Daryus
ak Artaserses buuru Pers.
15 Kër gaa nga sotti ci ñetti fanu weeru
Adar, juróom benneelu atu nguurug
Daryus.

### *Delloo nañu Yàlla këram*

16 Ci kaw loolu mbooloom Israayil ànd
ak sarxalkat yaak Leween ñaak mboolem
ña ñibbisee ca ngàllo ga, ñu daloo tabax ba
ci biir mbégte.
17 Sarxe nañu ca daloog kër Yàlla googu
téeméeri yëkk ak ñaari téeméeri kuuy ak
ñeenti téeméeri xar yu ndaw ak fukki sikket
ak ñaar, dëppook limu giiri Israayil, def ko
saraxu póotum bàkkaar, ñeel Israayil gépp.
18 Ci biir loolu ñu tabb sarxalkat ya, ca
wàll ya ñu bokk ak Leween ña ca seeni
kuréel, ñu sasoo liggéeyu Yàlla ji ci
Yerusalem, muy la ñu bind ci téereb
Musaa.
19 Fukki fan ak ñeent ca weer wu njëkk
wa nag, ña ñibbisee woon ngàllo ga daldi
màggal bésub Mucc ba.
20 Fekk na sarxalkat yaak Leween ña
laabal seen bopp, ba ñoom ñépp bokk laab.
Ba loolu amee ñu rendi xarum bésub Mucc
ba, ñeel mboolem ña ñibbisee ngàllo ak
ñoom sarxalkat yi ci seen bopp, ñook seeni
bokk.
21 Ba mu ko defee, bànni Israayil ga
ñibbisee ngàllo ga daldi bokk reeru bésub
Mucc ba, ñook mboolem ña dogoo woon
ak sobey yéefar yi ci réew mi, ngir jaamu
Aji Sax ji Yàllay Israayil.
22 Wormaal nañu it màggalu Mburu mu
amul lawiir, diiru juróom ñaari fan, ci biir
mbégte, ndax fekk na Aji Sax ji bégal leen
lool ca na mu xiire buurub Asiri†, mu
yéwéne leen ba dimbali leen ci tabaxu kër
Yàlla ga, Yàllay Israayil.

## 7

### *Buur Artaserses yéwéne na Esra*

1 Ba loolu weesoo, ca jamonoy nguurug
Artaserses buuru Pers, am na góor gu ñuy
wax Esra, Seraya di baayam. Seraya,
Asaryaa; Asaryaa, Ilkiya; Ilkiya,
2 Salum; Salum, Cadog; Cadog, Axitub;
3 Axitub, Amarya; Amarya, Asaryaa;
Asaryaa, Merayot;
4 Merayot, Seraxya; Seraxya, Usi; Usi,
Bukki;
5 Bukki, Abiswa; Abiswa, Fineyas;
Fineyas, Elasar; Elasar, Aaróona, sarxalkat
bu mag ba.
6 Esra moomu jóge Babilon, nekkoon
jàngalekat bu xareñ, bu géeju ci yoonu
Musaa wi Aji Sax ji Yàllay Israayil joxoon
ñoñam. Aji Sax ji Yàllaam nag toppe ko
yiwam, ba Buur defal ko mboolem lu mu
ñaan.
7 Ca juróom ñaareelu atu nguurug Buur
Artaserses, mu am ñenn ci bànni Israayil
ñu ànd, di ay sarxalkat aki Leween aki
woykat aki fara bunt ak liggéeykati kër
Yàlla ga. Ñu daldi dem Yerusalem.
8 Esra nag bokkoon ca. Mu ngi agsi
Yerusalem ca juróomeelu weeru at
mooma, di juróom ñaareelu atu buur ba.
9 Ca benn fanu weer wa njëkk la
dooroon yoon woowu mu bàyyikoo
Babilon. Mu agsi Yerusalem ca benn fanu
juróomeelu weer wa, ci mbaaxu Yàllaam ji
ko toppe yiwam.
10 Esra nag doonoon ku pastéefu ci jàng
yoonu Aji Sax ji, di ko sàmm tey jàngale ci
Israayil ay dogalam ak ndigali yoonam.

### *Buur Artaserses bind na Esra*

11 Lii mooy li ñu bind ci bataaxal ba
Buur Artaserses jox Esra, sarxalkat ba,
jàngalekat ba géeju ci mbiri santaaney Aji
Sax ji ak dogalam yi ñeel Israayil:
12 «Bataaxal bii mu ngi bàyyikoo ci
Artaserses, buuru buur yi, jëm ca Esra,
sarxalkat biy jàngale yoonu Yàlla
Boroom asamaan. Maa ngi lay nuyu.
«Gannaaw loolu nag,
13 ndigal tukkee na ci man ne
mboolem kuy bànni Israayil ci samam
réew, ba ci sarxalkat yeek Leween ñi, ku ci
bëgga ànd ak yaw Yerusalem, man naa
dem.
14 Man Buur, maa la yebal, maak
sama juróom ñaari nit ñu may xelal; noo la
yebal Yerusalem ak Yuda, ngir nga gëstujil
ma nu ñu fay toppe sa yoonu Yàlla wi nga
yor téereem ci say loxo.

† **6.22** ***Asiri*** gi ñuy wax fii, booba mu ngi ci loxol buuru Pers.

15 Te nga yóbbaale xaalis beek wurus
wi ma joxe ci xol bu tàlli, man Buur, maak
ñi may xelal, jagleel ko Yàllay Israayil ji
màkkaanam nekk Yerusalem,
16 boole ci mboolem xaalis mbaa
wurus woo mana jële ci diiwaanu Babilon
bépp, ak itam saraxi yéene yi baadoolo
yeek sarxalkat yi joxe ci xol bu tàlli, lépp
ñeel seen kër Yàlla ga ca Yerusalem.
17 Ci biir loolu, xaalis boobu nanga ko
daldi jënde ay yëkk aki kuuy ak xar yu
ndaw ak saraxi pepp ak saraxi tuuru yi
muy àndal te nga boole ko, saraxe ko ca
sarxalukaayu seen kër Yàlla ga ca
Yerusalem.
18 Li des ci xaalis beek wurus wi nag,
defleen ko lu ngeen namm, yaak say bokk,
na mu dëppook seen coobarey Yàlla.
19 Bu loolu weesoo ndab yi ñu la jox,
ñu di ko jaamoo ca seen kër Yàlla ga, nanga
ko boole teg fa kanam Yàllay Yerusalem.
20 Leneen lu des it, loo wara def ci sa
kër Yàlla gi, sañ nga koo génnee ci alalu
buur.
21 «Man Buur Artaserses, jox naa
ndigal mboolem denckati alali buur ya
ca Wàllaa Efraat, ne leen: Lépp lu Esra,
sarxalkat biy jàngale yoonu Yàlla
Boroom asamaan, sàkku ci yeen,
nangeen ko daldi def;
22 ba ci fanweeri barigoy xaalis ak
ñeent (34), téeméeri barigoy bele ak fukk
(110), fukki barigoy biiñ ak benn (11), ak
fukki barigoy diw ak benn (11), ak lu mu
soxla ci xorom.
23 Lépp lu Yàlla Boroom asamaan
digle, nañu ko defe noonee ca kër Yàlla
Boroom asamaan, ndax meram baña dal
ci sama kaw nguur gii ak ci sama kaw
askan.
24 Nu ngi leen di xamal itam ne képp
kuy sarxalkat mbaa ab Leween, mbaa mu
dib woykat mbaa fara bunt, mbaa mu di
liggéeykatu kër Yàlla gi, mbaa surga buy
liggéey ci kër Yàlla googu, du galag bu ñu ko
saña teg mbaa njotu bopp mbaa ab juuti.
25 «Yaw Esra nag, seetal ci xel mu rafet
mi sa Yàlla digle ci yoonam wi nga yor,
nga tabb ay njiit aki xaali, ngir ñuy àtte
mboolem ñi xam sa yooni Yàlla ci
diiwaani Wàllaa Efraat. Te ñi ko xamul,
nga xamal leen ko.
26 Képp ku ci sàmmul sa yoonu Yàlla ak
yoonu buur, nañu ko daldi teg mbugal mi
war ci moom. Dee mooy doon àtteem,
mbaa ñu génne ko réew mi, mbaa ñu
nangu alalam, mbaa ñu tëj ko.»

### *Esra sant na*

27 Cant ñeel na Aji Sax ji, sunu Yàllay
maam, moom mi def nii ci xolub Buur
yéeney teral kër Aji Sax ji ci Yerusalem,
28 te dawal ngor sama digganteek Buur
ak ñi koy xelal ak mboolem kàngami buur
yu mag yi! Man nag, nii la ma sama Yàlla
Aji Sax ji toppe yiwam, ba ma dëgërlu,
boole njiiti Israayil, ñu daje, ànd ak man
dem.

## 8

### *Lu jëm ci ñi ànd ak Esra*

1 Ñi jiite seen làngi kër maam ak ñi ñu
bindaaleek ñoom ci limeef yi, te ñu ànd ak
man Esra, jóge Babilon ca jamonoy Buur
Artaserses, ñii la:
2 ci askanu Fineyas, Gersom la. Ci
askanu Itamar, Dañeel la. Ci askanu
Daawuda, Atus
3 mi askanoo ci Sekaña la. Askanu
Paros, Sàkkaryaa bawoo ca, ànd ak téeméeri
góor ak juróom fukk (150).
4 Ci askanu Paxat Mowab, Elyowenay
doomu Seraxya la, mook ñaari téeméeri
góor (200).
5 Ci askanu Sàttu*, Sekaña doomu
Yaxasyel la, mook ñetti téeméeri góor (300).
6 Ci askanu Adin, Ebedd doomu Yonatan
la, mook juróom fukki góor (50).
7 Ci askanu Elam, Yesaya doomu Atalyaa
la, mook juróom ñaar fukki góor (70).
8 Ci askanu Sefatiya, Sebaja doomu
Mikayel la, mook juróom ñett fukki góor
(80).
9 Ci askanu Yowab, Abdiyas doomu
Yexyel la, mook ñaari téeméeri góor ak fukk
ak juróom ñett (218).
10 Ci askanu Bani†, Selomit doomu
Yosifya la, mook téeméeri góor ak juróom
benn fukk (160).

* **8.5** ***Sàttu:*** tekkite bi njëkk ci làkku gereg moo indi turu Sàttu. † **8.10** ***Bani:*** tekkite bi njëkk ci làkku gereg moo indi turu Bani.

11 Ci askanu Bebay, Sàkkaryaa doomu
Bebay la, mook ñaar fukki góor ak juróom
ñett (28).
12 Ci askanu Asgàdd, Yoxanan doomu
Àkkatan la, mook téeméeri góor ak fukk
(110).
13 Askanu Adonikam ñoo mujje, ñu di
leen wax Elifelet ak Yewel ak Semaya,
ñook juróom benn fukki góor (60).
14 Ci askanu Bigway, Utay la ak Sakur,
ñook juróom ñaar fukki góor (70).
15 Ci kaw loolu ma boole leen, ñu daje ca
wetu dex ga jëm Aawa, dal fa ñetti fan. Ma
seetlu fa baadoolo ya, seet ca biir
sarxalkat ya, gisuma kenn ku bokk ci
Leween ñi.
16 Ma woolu njiit ya: Elyeser ak Aryel ak
Semaya ak Elnatan ak Yarib ak Elnatan
meneen ma ak Natan ak Sàkkaryaa ak
Mesulam ak Yoyarib ak Elnatan ma ca
des, ñaari jàngalekati yoon ya.
17 Ba mu ko defee ma yebal leen ca Ido,
njiit la ca gox ba ñuy wax Kasifya, daldi
leen wax kàddu ya ñuy jottali Ido ak
bokkam yay liggéeykati kër Yàlla ya dëkk
Kasifya, ndax ñu yónnee nu ay surga ci
sunu liggéeyu kër Yàlla gi.
18 Sunu Yàlla nag toppe nu mbaaxu
yiwam, ba ñu indil nu waa ju am xel,
askanoo ci Maxli sëtub Lewi doomu
Israayil. Ñu di ko wax Serebya. Mu ànd ak
doomam yu góor aki bokkam, ñuy fukk ak
juróom ñett (18),
19 ñook Asabya ak Yesaya sëtu Merari.
Ñu ànd ak seeni bokk ak seen doom yu
góor, di ñaar fukki góor (20).
20 Indaale nañu ñaari téeméeri liggéeykati
kër Yàlla ak ñaar fukk (220), di ñu askanoo
ca ña Daawudaaki jawriñam tànnoon, bind
seeni tur, ngir ñuy jàppale Leween ñi.
21 Ba loolu amee ma digle foofa koor ca
tàkkal dexu Aawa, toroxloo ko fa sunu
kanam Yàlla, ngir ñaan ko mu may nu
yoonu jàmm, nook sunuy doom ak
mboolem lu bokk ci nun.
22 Ndaxte rusoon naa ñaan Buur mu
boole nook ay dag ak gawar yu nu aar ci
noon yi ci yoon wi. Li ko waral mooy
fekkoon na nu wax Buur ne ko: «Sunu Yàlla
mooy toppe yiwam mboolem ku ko
yaakaar, di ko defal jàmm, waaye meram
dina dal ak doole ci kaw mboolem ku ko
dëddu.»
23 Nu woor, daldi dagaan sunu Yàlla
mbir moomu, mu nangul nu.
24 Ba loolu amee, ma tànn fukki
sarxalkat ak ñaar yu mag, ñuy Serebya ak
Asabya ak seen fukki bokk.
25 Gannaaw loolu ma nattal leen xaalis
baak wurus waak ndab ya Buur aki
wóllëreem aki jawriñam joxe woon, ñook
mbooloom Israayil ma fa teewoon, te lépp
jëm ca sunu kër Yàlla ga.
26 Natt naa ba teg ci seeni loxo ñaari
téeméeri barigoy xaalis ak ñaar fukk (220)
ak fanweeri barigo ak ñeent (34) ci
jumtukaayi xaalis ak fanweeri barigoy
wurus ak ñeent (34),
27 ak ñaar fukki koppi wurus yu wecci
junniy (1 000) poseti wurus, ak ñaari ndab
yu jafe yu xànjar bu ñu raxas ba muy
melax, mel ni wurus.
28 Ma ne leen: «Yeen, Aji Sax ji ber na
leen, sellal leen, ni ñu sellale ndab yi, te
xaalis beek wurus wi di saraxu yéene ñeel
Aji Sax ji, seen Yàllay maam.
29 Xoolleen ko te sàmm ko bu baax, ba
kera ngeen koy natt ca denci kër Aji Sax ji
ca Yerusalem, fa kanam kilifay sarxalkat
yaak Leween ñaak ña jiite seen làngi kër
maam ci bànni Israayil.»
30 Ci kaw loolu nu nattal sarxalkat yeek
Leween ñi xaalis baak wurus waak ndab
yu sell ya, ngir ñu yóbbu ko ca sunu kër
Yàlla ga ca Yerusalem.
31 Fukki fan ak ñaar ca weer wa njëkk
lanu bàyyikoo dexu Aawa, daldi jëm
Yerusalem. Sunu Yàlla nag toppe nu
yiwam, ba musal nu ci noon akub
saay-saay ci yoon wi.
32 Gannaaw loolu nu agsi Yerusalem,
noppalu fa ñetti fan.
33 Bésub ñeenteel ba nu natt diisaayu
xaalis baak wurus waak ndab ya ca sunu
biir kër Yàlla ga, teg ko ca loxol Meremot
doomu Uri, sarxalkat ba, mook Elasar
doomu Fineyas, ak Leween ña, di
Yosabàdd doomu Yesuwa, ak Nowaja
doomu Binuy.
34 Ñu limaat lépp, nattaat diisaay ba,
daldi bind ca saa sa dayo ba bépp.

35 Ba mu ko defee ña jóge njaam, ñibbisee
ca ngàllo ga, daldi defal Yàllay Israayil ay
saraxi dóomal. Muy fukki yëkk ak ñaar, ñeel
Israayil gépp ak juróom ñeent fukki kuuy
yu mag ak juróom benn (96) ak juróom
ñaar fukki kuuy yu ndaw ak juróom ñaar
(77) ak fukki sikket ak ñaar yu ñu def
saraxu póotum bàkkaar; ñu def lépp saraxu
dóomal, ñeel Aji Sax ji.
36 Ci biir loolu ñu jottali ndigali buur ya
jëm ca ay jawriñam ak njiiti Wàllaa Efraat.
Ñooñu it jàppale mbooloo ma ca liggéeyu
kër Yàlla ga.

# 9

## *Askan wi rax na*

1 Gannaaw ba loolu wéyee njiit ya dikk,
ne ma: «Du bànni Israayil, du sarxalkat yi,
du Leween ñi, kenn ci ñoom teqalikoowul
ak xeeti réew meek seen aada yu siblu.
Dañuy jëfe ni Kanaaneen ñeek Etteen ñeek
Periseen ñeek Yebuseen ñeek Amoneen
ñeek Mowabeen ñeek waa Misraak
Amoreen ñi.
2 Jël nañu jabar ci ñoom, jëlal ci jabar
seeni doom, ba jaxase jiwu mu sell mi ak
waasoy réew yi. Njiit yeek mag ñi sax ñoo
jiitu ci googu fecci kóllëre.»
3 Ba ma déggee loolu damaa xotti sama
turki ak sama mbubb, xuuf sama kawaru
bopp ak sama sikkim, daldi toog, ne tott.
4 Ba loolu amee mboolem ñi wormaal
kàddug Yàllay Israayil daje, wër ma ndax
ñàkk kóllëreg ña ñibbisee ca ngàllo ga. Ma
toog, ne tott ba waxtuw saraxu ngoon.
5 Saraxu ngoon jot, ma jóge ca sama
jataayu toroxtaange, ba ma xottee sama
turki baak sama mbubb ma. Ma ne gurub
sukk, tàllal sama Yàlla Aji Sax ji loxo,
6 daldi ñaan, ne:

«Éy sama Yàlla maa rus, maa torox, ba
manumaa siggi fi sa kanam, ndaxte sunuy
bàkkaar bare na, ba mëdd nu, sunuy moy
tegloo ba àgg asamaan.
7 La ko dale ca sunu janti maam ba
bésub tey jii, nu ngi ci moy gu réy. Sunuy
bàkkaar a tax buuri réew yi teg nu loxo,
nook sunuy buur ak sunuy sarxalkat, ñu
di nu rey, di nu jàpp njaam, di lël sunu alal,
di nu toroxal ba sunu jonni yàllay tey jii.
8 «Waaye yaw Aji Sax ji sunu Yàlla, yàggul
dara aw yiw bàyyikoo na ci yaw, musal
ñenn ci nun, may nu ndëgërlaay ca sa béreb
bu sell ba. Yaw sunu Yàlla, yaa nu taxa
leqaliku, yaa nu dundalaat ci sunu biir
njaam gi.
9 Ndax ay jaam lanu, waaye yaw sunu
Yàlla, waccewoo nu sunug njaam. Yaa
dawal ngor sunu digganteek buuri Pers,
ngir mayaat nu dooley tabax sunu kër
Yàlla, yékkatee ko ca gentam ba, may nu
kiiraay ci Yerusalem ak ci Yuda.
10 «Yaw sunu Yàlla, ana lu nuy waxati
nag gannaaw lii? Ndax kat noo dëddu sa
santaane
11 yi nga nu dénk, yonent yiy say jaam
jottali ko, ne nu: “Réew mi ngeen di
nanguji, réew mu sobewu la ndax sobey
waasoy réew ma. Feesal nañu kook seeni
jëf ju siblu ak seen tilim, ba fépp daj.
12 Kon nag seen doom yu jigéen buleen
leen may doom yu góori jàmbur, te doom
yu jigéen yu waaso ci ñoom, yeen seen
doom yu góor bunu leen jël jabar. Ñoom
nag, buleen seet mukk seen jàmm mbaa
seen njariñ. Looloo leen di taxa am doole,
bay xéewlu ci ngëneeli réew mi, ba wacce
ko seen askan ba fàww.”
13 «Loolu nu dal lépp, sunu jëf ju bon a
tax ak sunu tooñ gu réy. Terewul yaw
sunu Yàlla, tegoo nu lu dul mbugal mu
yées mi sunuy bàkkaar yellool, ba tax mu
am ñu des di dund nii.
14 Nan lanu mana dellooti di xëtt say
santaane, di séyanteek xeet yii ak seen jëf
ju siblu? Kon doo nu mere, faagaagal nu,
ba kenn du desati mbaa muy rëcc?
15 Yaw Aji Sax ji Yàllay Israayil, yaay Ku
jub ki. May nga nu bésub tey jii nu dese
bakkan. Nu ngi nii fi sa kanam ci biir
tooñaange, ba tax du kenn ci nun ku am lay
fi sa kanam.»

# 10

## *Fase nañu jàmbur ñi*

1 Naka la Esra di ñaan aka tuub, di jooy,
aka daanu fa suuf ca buntu kër Yàlla ga,
bànni Israayil yéew ko, bare lool, góor ak
jigéen, ba ca xale ya. Mbooloo ma it di jooy
jooy yu metti.

2 Ci biir loolu Sekaña doomu Yexyel ma
askanoo ci Elam, daldi wax Esra ne ko:
«Noo tooñ sunu Yàlla, di jël ay jàmbur jabar
ci xeeti réew mi. Waaye loolu terewul
Israayil am yaakaar ba tey.
3 Léegi kay nanu fasanteek sunu Yàlla
kóllëre, daldi fase jigéen ñooñu ñépp, ñu ànd
ak seeni doom, muy ni nga ko diglee rekk,
sang bi, yaak ñi wormaal sunu santaaney
Yàlla. Li yoon wi digle daal, na am.
4 Jógal nag, mbir maa ngi ci say loxo, te
noo ngi ànd ak yaw. Kon dëgërlul te def
ko.»
5 Ci kaw loolu Esra jóg, wax kilifay
sarxalkat yaak Leween ñaak Israayil gépp,
ne leen ñu giñ ne noonu lañu koy defe. Ñu
daldi ko giñ.
6 Ba loolu amee Esra bàyyikoo kër Yàlla
ga, fatuji néegu Yoxanan doomu Elyasib.
La mu fa nekk nag lekkul, naanul, xanaa
di ñaawlu na ngàllo ga ñibbisi feccee
worma.
7 Ba mu ko defee ñu yéene ci Yerusalem
ak Yuda, yégal mboolem ngàllo ga ñibbisi,
ne leen ñu daje ca Yerusalem.
8 Ñu ne képp ku teewul ci diiru ñetti fan,
ni ko kilifa yeek mag ñi diglee, dees na teg
alalam jépp loxo, te moom ci boppam dees
na ko dàq, génne ko ca ngàllo ga ñibbisi.
9 Ba ñu ca tegee ñetti fan mboolem góori
Yudaak Beñamin daje nañu Yerusalem, mu
yemook ñaar fukki fan ca juróom ñeenteelu
weer wa. Ña nga toog ñoom ñépp ca ëttu
kër Yàlla ga, di lox ndax solos ndaje ma ak
itam taw bu bare ba mu yemool.
10 Ci kaw loolu Esra sarxalkat ba jóg
taxaw, ne leen: «Yeena fecci kóllëre ndax
yeena jël ay jàmbur jabar, di yokk
tooñaangey Israayil.
11 Léegi nag tuubleen ci Aji Sax ji seen
Yàllay maam te def coobareem.
Teqalikooleen ak xeeti réew mi, teqalikook
jigéen ñii diy jàmbur.»
12 Ci kaw loolu mbooloo mépp bokk àddu
ca kaw ne ko: «Tigi, li nga wax rekk lanu
wara def.
13 Waaye danoo bare, te muy jamonoy
taw. Manunoo toog fii ci biti. Te it mbir mi
maneesu koo lijjanti ci benn bés mbaa
ñaar, ndax sunu tooñ ci mbir mii daa
yaatu.
14 Kon daal na sunuy kilifa taxawal
askan wi. Su ko defee mboolem ku nekk ci
sunuy dëkk te jël ci jàmbur ñi jabar day
dikk, ku ci nekk ca bés ba ñu ko àppal, te
mu ànd ak kilifa yaak àttekati dëkkam. Ñu
toppatoo mbir mi nag, ba keroog sunu
sànjum Yàlla mu réy mi sababoo ci lii,
dëddu nu.»
15 Mennum Yonatan doomu Asayel ak
Yaxseya doomu Tigwa, ñoom doŋŋ, ñook
Mesulam ak Sabtay, Leween ba, ñoo àndul
ca loola.
16 Ci kaw loolu ngàllo ga ñibbisi daldi def
la ñu wax. Esra sarxalkat ba tànn nit ña
jiite seen kër baay, ku nekk ak làngam,
ñoom ñépp ñu tudd seeni tur. Keroog benn
fan ca fukkeelu weer wa nag, ñu toog ngir
seet mbir ma.
17 Ca benn fanu weer wa njëkk ca déwén
sa lañu lijjanti mbiru mboolem ña jëloon
jabar ay jàmbur.

### *Ñii ñoo jëggaani ay soxna*

18 Ñu gis ne ñenn ci askanu sarxalkat yi
jëloon nañu ay jàmbur soxna:
ci askanu Yosuwe doomu Yoccadag aki bokkam, Maaseya ak Elyeser ak Yarib ak Gedalya bokk nañu ca.
19 Ñu xas ne dinañu fase seeni soxna,
daldi nangu ne tooñ nañu, ba noppi ku
nekk ci ñoom sarxe am kuuy, muy peyug
tooñam.
20 Ci askanu Imer, Anani la ak Sebaja.
21 Ci askanu Arim, Maaseya laak Elya ak Semaya ak Yexyel ak Osiyas.
22 Ci askanu Pasur, Elyonay laak Maaseya ak Ismayel ak Netaneel ak Yosabàdd ak Elasa.

23 Ci Leween ñi: Yosabàdd laak Simey ak Kelaya, mooy Kelita ba tey, ak Petaxya ak Yuda ak Elyeser.
24 Ci woykat yi: Elyasib la.
Ci fara bunt yi: Salum laak Telem ak Uri.

25 Bànni Israayil yi ci des:
ci askanu Paros, Ramya laak Isya ak Malkiya ak Miyamin ak Elasar ak Malkiya ak Benaya.
26 Ci askanu Elam, Mataña laak Sàkkaryaa ak Yexyel ak Abdi ak Yeremot ak Elya.

27 Ci askanu Sàttu, Elyonay laak Elyasib ak Matañа ak Yeremot ak Sabàdd ak Asisa.
28 Ci askanu Bebay, Yoxanan laak Anañа ak Sabay ak Atlay.
29 Ci askanu Bani, Mesulam laak Malukk ak Adaya ak Yasub ak Seyal ak Yeremot.
30 Ci askanu Paxat Mowab, Atna laak Kelal ak Benaya ak Maaseya ak Matañа ak Beccalel ak Binuy ak Manase.
31 Ci askanu Arim, Elyeser laak Isiya ak Malkiya ak Semaya ak Simeyon,
32 ak Beñamin ak Malukk ak Semarya.
33 Ci askanu Asum, Matenay laak Matata ak Sabàdd ak Elifelet ak Yeremay ak Manase ak Simey.
34 Ci askanu Bani, Maaday laak Amram ak Uyel
35 ak Benaya ak Bediya ak Keluyi
36 ak Wañа ak Meremot ak Elyasib
37 ak Matañа ak Matenay ak Yaasay
38 ak Bani ak Binuy ak Simey
39 ak Selemya ak Natan ak Adaya
40 ak Magnadebay ak Sasay ak Saray
41 ak Asareel ak Selemya ak Semarya
42 ak Salum ak Amarya ak Yuusufa.
43 Ci askanu Nebo, Yewel la, ak Matica ak Sabàdd ak Sebina ak Yaday ak Yowel ak Benaya.
44 Ñooñu ñépp jël nañu ay jàmbur jabar,
ba ñenn ci ñoom ami doom.

# Neyemi

Téereb *Neyemi* dafa tàmbalee fa téereb *Esra* yem. Bànni Israayil tabaxaat nañu kër Yàlla gi ci Yerusalem, wara yékkatiwaat tatay dëkk bi. Neyemi kàngam la woon ca ëttub Artaserses buuru Pers ba yilifoon bànni Israayil ga ñu toxaloon ca Babilon. Fekk waa Pers duma waa Babilon. Artaserses jox Neyemi ndigalu dem Yerusalem, ngir toppatoo yeesalub dëkk bi ci wàllu yorin ak koom. Ba mu agsee, am na ay noon yu jéema yàq pexeem, waaye bare na ay bokki bànni Israayilam yu ko jàppale, ba mu ànd ak ñoom tabaxaat tatay dëkk ba ci diir bu gàtt.

Gannaaw bi, Neyemi ak Esra sarxalkat ba jiite am xew, daloo tatay Yerusalem ja. Ba loolu wéyee la Neyemi ànd ak Esra ngir yeesal diine ji.

Ci tënk:

1.1—2.20 Neyemi agsi na Yerusalem.
3.1—7.73 Liggéeyub tatay Yerusalem door na.
8.1—10.39 Njàngum téereb yoonu Musaa wi tax na askan wi tuub.
11.1—13.31 Lu jëm ci xewu daloo tata yi, ak li Neyemi def ngir yeesal diine ji.

### *Neyemi am naw tiis*

1 Mbiri Neyemee ngii, góor gay doomu
Akalya. Ca ñaar fukkeelu atu nguurug
Artaserses, ci weeru Kislew*, man
Neyemi maa nga woon ca Sus, péey ba.
2 Ci kaw loolu Anani, kenn ci saay bokk
bàyyikoo Yuda, ànd aki nit. Ma laaj leen
ndesu Yawut ya rëcce ca njaam ga, laaj
leen it mbirum Yerusalem.
3 Ñu wax ma, ne ma: «Ña rawe ca njaam
ga de, ña nga diiwaanu Yuda, ci njàqare ju
réy akug toroxte. Tatay Yerusalem jaa nga
tojatoo, bunt ya lakk.»
4 Ba ma déggee kàddu yooyu, damaa toog
di jooy, ñaawlu ko ay fan, di woor aka ñaan
ci Yàlla Boroom asamaan.
5 Ma ne: «Éy Aji Sax ji, yaw Yàlla Boroom
asamaan, Yàlla ju màgg ji te raglu, di sàmm
kóllëreek ngor, ñeel ñi la sopp tey topp say
santaane.
6 Ngalla Sang bi, teewlu ma, xippi say
gët, te déglu sama ñaan yi may ñaanal
guddeek bëccëg bànni Israayil, say jaam.
Tegoo naa moy yi la bànni Israayil moy, te
man sax maak sama waa kër baay, moy
nanu la.
7 Lu ñaawa ñaaw lanu la def, te sàmmunu
say santaaneek say dogal ak sa ndigali
yoon ya nga dénkoon Musaa, sa jaam ba.
8 Rikk bàyyil xel kàddu ya nga dénkoon
Musaa, sa jaam ba, ne ko: “Bu ngeen
feccee kóllëre, maa leen di tasaare ci biir
xeet yi.
9 Waaye bu ngeen walbatikoo ci man,
sàmm samay santaane, di ko jëfe, bu ñu
yóbbu woon seeni ñoñ ba fa suuf digalook
asamaan sax, fa laa leen di jële, boole leen
yóbbu ca béreb, ba ma tànne dëël sama tur.”
10 Ñooy say jaam, sa ñoñ ñi nga jote sa
kàttan gu réy ak sa doole ju bare.
11 Éy Boroom bi, Sang bi, rikk teewlul bu
baax samag ñaan ak sa ñaanu jaam ñi safoo
wormaal saw tur. Ngalla Sang bi, nangul
ma tey jii, may ma waa jii yéwéne ma.»
Booba maa yore woon naani buur†.

## 2

### *Neyemi jot na ndigal*

1 Mu am bés, ci weeru Nisan, ñeenti weer
gannaaw Kislew, yemook ñaar fukkeelu
atu nguurug Artaserses, ma jël biiñ ba
taaje woon fa kanam Buur, di ko ko xellil.
Booba maa nga ànd ak tiis, ne yogg; lu ma
masula dal ca kanamam.
2 Buur laaj ma, ne ma: «Lu la tax ne yogg
te woppuloo? Mbaa du tiisu xol?» Maa ngi
tiit lool.
3 Ma daldi ne Buur: «Guddaluw fan,
Buur! Nu may def ba duma ne yogg, te
dëkk ba samay maam tëdd gental, bunt ya
lakk ba xoyomu?»
4 Buur wax ma, ne ma: «Ana looy sàkku?»
Ma ñaan ci sama xel ci Yàlla Boroom
asamaan,
5 door ne Buur: «Xanaa Sang bi, su la
neexee rekk, nga yéwéne ma, yebal ma

* **1.1** ***weeru Kislew*** moo yemook juróom ñeenteelu weer wa ci seen nattin, muy ndeetel nowàmbar, jàpp sàttumbar.

† **1.11** ***yore naani buur*** moom moo doon tànn bépp naanu buur, njëkk koo mos, ngir bañ ñu tooke ko.

Yuda, dëkk ba ñu denc samay maam, ba
ma tabaxaat ko.»
6 Buur nag wax ak man, fekk Lingeer
soxnaam toog, feggook moom. Mu ne ma:
«Boo demee, ana loo fay toog, doora délsi?»
Ma wax ko. Gannaaw loolu Buur nangu
maa bàyyi ma dem.
7 Ci kaw loolu ma ne Buur: «Buur, su la
soobee, ngalla nañu ma jox ay bataaxal yu
jëm ca kilifay Wàllaa Efraat ya, ngir ñu
jàllale ma, ba ma àgg Yuda,
8 akub bataaxal bu jëm ca Asaf may
wattu toolu buur, ngir mu may ma bant
yu ma defareji bunti tatay kër Yàlla ga,
defaraale ca tatay dëkk baak kër ga may
dali.» Buur nangul ma, ndax sama Yàlla ji
ma toppe mbaaxam.
9 Ba loolu amee ma dem ba ca kilifay
Wàllaa Efraat ya, jox leen bataaxali Buur,
fekk Buur boole maak ay njiiti xare aki
gawar.
10 Ba mu ko defee, Sanbalat ma dëkk
Oron dégg mbir ma, mook Tobya,
Amoneen ba, ndawal Buur. Ñu am lu leen
soofa soof, te mooy li nit ñëw, di sàkkusi
njariñu bànni Israayil.

### *Neyemi xool na tata ja wër Yerusalem*

11 Ma àgg nag ba Yerusalem, toog fa ñetti
fan.
12 Gannaaw loolu ma jóg guddi, maak
nit ñu néew, te waxuma kenn li ma sama
Yàlla nammloo ngir ma defal ko
Yerusalem. Yoruma woon jenn daamar ju
moy ji ma war.
13 Ma génne dëkk ba guddi, jaare buntu
tata ba ñuy wax Xur wa, wutali walu ndox
ma ñuy wax walu Ninki-nanka, daldi jàll
ba ca buntu Sën ba. Ci biir loolu ma seetlu
tatay Yerusalem yi toj fu nekk, bunt yi
lakk ba xoyomu.
14 Ma jubal wutali bunt ba ñuy wax Bëtu
Ndox, jaare ca wetu déegu Buur. Amatul
nag fu sama daamar ji ma war mana
jaare.
15 Ma daldi topp xur wa ca guddi ga, di
seetlu tata ji, ba noppi waññiku, jaare ca
buntu Xur wa, duggsiwaat.
16 Kilifay dëkk ba nag xamuñu fu ma
demoon, mbaa lu ma doon def. Ndax
fekkul woon ma wax kenn dara, du Yawut
yi, du sarxalkat yi, du garmi yi, du kilifa yi
te du keneen ci ñi wara sasoo liggéey bi.
17 Ba loolu amee ma ne leen: «Yeena
gisal seen bopp toskare gi nu nekke.
Yerusalem tas na, bunt yi lakk na.
Aycaleen nu tabaxaat tatay Yerusalem
ndax sunu gàcce faju.»
18 Gannaaw loolu, ma nettali leen ni ma
sama Yàlla toppe yiwam, ak kàddu yi ma
Buur wax. Ñu ne ma: «Nanleen tabax!» Ñu
daldi gëna pastéefu ca liggéeyu ngëneel ba.
19 Ba loolu amee Sanbalat ma dëkk Oron
dégg ko, mook Amoneen ba Tobya, jawriñ
ja, ak Gesem, Arab ba. Ñu di nu ñaawal aka
diiju naan: «Li ngeen di def nii lu mu
doon? Dangeen di fexeel Buur?»
20 Ma ne leen: «Yàlla Boroom asamaan
moo nuy may ndam. Nun ñiy jaamam
nooy jóg tabaxaat dëkk bi. Yeen nag
amuleen wàll ci Yerusalem, te
baaxoowuleen fi benn sañ-sañ!»

## 3

### *Ñu ngi tabaxaat tata ja*

1 Gannaaw loolu Elyasib sarxalkat bu
mag ba ànd ak bokki sarxalkatam, ñu
tabaxaat bunt ba ñuy wax Gàtt ya, sellalal
ko Yàlla, taxawal laf ya, defaraat tata ja, ba
ca soorooru tata ba ñuy wax Meya te ñu
duppee ko Téeméer, sellalal ko Yàlla, jàppoo
ko noonu ba ca soorooru tata ba tudd
Ananel.
2 Waa Yerikoo nga feggook ñoom di
tabax, Sakur doomu Imri di tabax ca wet
ga.
3 Bunt ba ñuy woowe buntu Jën ya, góori
waa Senaa ñoo daaj bant ya, taxawal laf
ya, def ca tëjukaay yaak dénki galan ya muy
àndal.
4 Meremot doomu Uri doomu Akocc,
moo làng ak ñoom di defar; ka feggook
ñoom di defar, di Mesulam doomu
Berekya doomu Mesesabel. Ka feggook
ñoom di defar, di Cadog doomu Baana.
5 Ka feggook ñoom, ba tey, di defar di
waa Tekowa. Seeni kilifa nag ñoo bañoona
liggéey ci njiital jawriñ yi yore liggéey bi.
6 Buntu Cosaan ba, Yoyada doomu
Paseya ak Mesulam doomu Besoja ñoo ko
defaraat, daaj bant ya, taxawal laf ya ak
tëjukaay yaak dénki galan ya cay ànd.

7 Ña feggook ñoom di defar, di Melaca
ma dëkk Gabawon ak Yadon ma dëkk
Meronot ak ñeneen waa Gabawon ak
Mispa, gox ya ca kilifteefu boroom Wàllaa
Efraat.
8 Ka feggook ñoom di defar, di Usyel
doomu Araya, tëggu wurus ba. Ka feggook
moom di defar, di Anaña, bokk ca
defarkati cuuraay ya. Ñu sottal seen
liggéey ca Yerusalem gannaaw ba ñu àggee
fa tata ja gëna yaatoo.
9 Ka feggook ñoom di liggéey, Refaya
doomu Ur la. Moo yilifoon genn-wàllu
diiwaanu Yerusalem.
10 Ka ca topp di liggéey dog ba janook
këram, Yedaya la, doomu Arumaf; Atus
doomu Asabneya feggook moom di
defaraat.
11 Am na weneen làccu tata wu Malkiya
doomu Arim di defaraat, mook Asub
doomu Paxat Mowab; ñu defaraale
soorooru tata ba ñuy wax Taal ya.
12 Ka feggook moom di defaraat, di
Salum doomu Aloxes, kilifag geneen wàllu
diiwaanu Yerusalem, ay doomam yu
jigéen di ko jàppale ca liggéey ba.

13 Buntu Xur wa, Anun a ko defaraat,
mook ña dëkk Sanowa. Ñoo ko tabaxaat,
taxawal laf ya ak tëjukaay yaak dénki galan
ya cay ànd. Ñu teg ca defaraat làccub
juróomi téeméeri meetar ca tata ja, ba àgg
ca buntu Sën ba.

14 Buntu Sën ba nag, ka ko defaraat
Malkiya doomu Rekab la, di boroom gox
ba ñuy wax Bet Kerem. Moo ko defaraat,
taxawal laf ya ak tëjukaay yaak dénki galan
ya cay ànd.

15 Bunt ba ñuy wax Bëtu Ndox ba, Salun
doomu Kol Ose, boroom gox ba ñuy wax
Mispa, moo ko defaraat. Moo ko tabaxaat,
xadd ko, taxawal laf ya ak tëjukaay yaak
dénki galan ya cay ànd, ak itam tata ja ca
déegub Silowe, bay suuxat tóokëru buur,
ba ca dëggastal ya ngay wàcce, génn gox ba
ñuy wax Kër Daawuda.
16 Ka ca topp di defar, Neyemi doomu
Asbug la, boroom genn-wàllu gox ba ñuy
wax Bet Cur. Moo féetewoo la dale fa
janook sëgi Daawuda ya, ba ca déeg ba nit
ña sàkk, dem ba ca dalu Xarekat ya.
17 Leween ñaa ca topp di defaraat, di
Rexum doomu Bani; ka dend ak moom,
taxawal goxam di defaraat, di Asabya,
may boroom genn-wàllu gox ba ñuy wax
Keyla.
18 Ka topp ca moom di liggéey, di seen
mbokk Binuy doomu Enadàdd, boroom
geneen wàllu gox ba ñuy wax Keyla.
19 Ka feggook moom di liggéey, Eser la,
doomu Yesuwa, boroom Mispa. Muy
defaraat làcc wa janook fa ngay yéege jëm
ca dencu gànnaay ya, ca koñu tata ja.
20 Ka topp ca moom di liggéey ak pastéef
Barukk la, doomu Sabay. Muy defaraat
weneen làccu tata ja dale ca koñ ba ca
bunt kër Elyasib, sarxalkat bu mag ba.
21 Ka topp ca moom Meremot la, doomu
Uri doomu Akocc. Muy defaraat làcc wa
dale ca bunt kër Elyasib, ba fa kër ga yem.
22 Ña topp ca moom di defaraat, di
sarxalkat ya dëkke la wër Yerusalem.
23 Ña ca topp di liggéey, Beñamin la ak
Asub. Ñuy defaraat làcc wa janook seen
kër. Ka ca topp di liggéey, di Asaryaa
doomu Maaseya doomu Anaña. Muy
defaraat fa dendeek këram.
24 Ka ca topp di Binuy doomu Enadàdd.
Muy defaraat làcc wa dale ca kër Asaryaa
ba ca koñ ba, ca ruqu tata ja.
25 Palal doomu Usay di defaraat
diggante koñ ba ak sooroor bu kawe ba
tiim kër buur, jàpp ëttu dag ya. Ka ca topp
di Pedaya doomu Paros.
26 Liggéeykati kër Yàlla ya féete Ofel ca
tund wa, di liggéey, ba fa janook soorooru
koñ ba féete buntu Ndox ma penku.
27 Ña ca topp di waa Tekowa, di defaraat
làcc wa ca topp, dale fa janook sooroor bu
kawe bi te fëlle ca tata ja, ba ca tatay tund
wa.
28 La ko dale ca buntu Fas ya, ay
sarxalkat a fa doon liggéey, ku nekk
janook këram.
29 Ka ca topp di liggéey, Cadog doomu
Imer la. Muy defaraat fa janook këram. Ka
ca topp di defaraat, di Semaya doomu
Sekaña; moo doon wattukatu buntu
Penku ba.
30 Ña topp ca moom di liggéey, di Anaña
doomu Selemya ak Anun, juróom

benneelu doomu Calaf. Muy defaraat làcc
wa ca topp. Ka ca topp di liggéey, Mesulam
doomu Berekya la. Muy defaraat fa
janook dëkkuwaayam.
31 Ka ca topp di defar, di Malkiya, bokk
ca tëggi wurus ya. Muy liggéey ba ca këri
liggéeykati kër Yàlla ga ak jaaykat ya, fa
janook buntu Ndaje ba, jàpp ca néegu
wattukat bu kawe ba ca ruq ba.
32 Diggante néegu wattukat bu kawe ba
ca koñ ba ak buntu Gàtt ya, ña fa doon
liggéey tëggi wurus ya la ak jaaykat ya.

## *Liggéey bi am na gàllankoor*

33 Ba Sanbalat déggee ne nu ngi tabaxaat
tata ja wër dëkk ba, mu am naqar wu réy,
mer lool, di ñaawal Yawut yi
34 ca kanam bokkam yaak xarekati
Samari ya naan: «Ana lu Yawut yi yaafus
yii di jéema def nii? Ñu defe ne moos seen
pexe dina sotti, ba ñuy def ay sarax? Fu
ñuy noppee seen tabax bi bésub tey? Te
yékkatiwuñu lu moy ay doj yu ñu sullee ci
jalub tojit yu lakk ba noppi?»
35 Tobya Amoneen ba mu feggool nag ne
ca tonet ne: «Tata bi ñuy tabax de, su ci till
sax yéegoon, mu ànd aki dojam, màbb.»
36 Ci biir loolu ma ne: «Ngalla sunu Yàlla,
déggal rekk xeebeel gi ñu nu xeeb te
walbati seeni xaste, mu këppu ci seen kaw.
Ngalla jébbal leen nit ñu sëxëtoo seen alal
ci réew mu ñu leen jàpp njaam.
37 Bu leen jéggal seen tooñ, bul far seen
bàkkaar, ndaxte ñoo doon naqaral ñiy
tabax.»
38 Ci kaw loolu nu tabaxaat tata ba,
wërale ko ba mu àgg ca genn-wàllu
taxawaayam, ndax fekk na mbooloo ma
pastéefu ca liggéey ba.

# 4

1 Sanbalat nag ak Tobyaak Arab yaak
Amoneen ñaak Asdoddeen ña, ñoom ñépp
dégg ne liggéeyu tatay Yerusalem a ngay
jëm kanam, te xar-xar yaa ngay tàmbalee
fatt. Ñu mer ca lool,
2 daldi mànkoo, lal pexe ngir xareek
Yerusalem, fitnaal leen.
3 Ba mu ko defee nu ñaan ci sunu Yàlla,
ba noppi teg fa ay nit ñuy wattu guddeek
bëccëg, ngir bàyyi leen xel.
4 Fekk na waa Yudaa ngi naan:
«Dooley yenukat ŋiis,
tojit jalee jale.
Nu nuy tabaxeeti jii tata?»
5 Ci biir loolu noon ya naan: «Bala ñu
noo yég mbaa ñu di nu gis, nu ne saraax ci
seen biir, rey leen, yemale fi liggéey bi.»
6 Yawut ya ñu dëkkal nag dikk waxsi nu
fukki yoon ak juróom li ñu nuy fexeel, ne
nu «Fu ne lañuy jóge, songsi nu.»

## *Neyemi gànnaayal na ay wattukat*

7 Ma teg nag ay nit ci béreb yu ne fàŋŋ te
suufe ca gannaaw tata ja. Ma def leen ay
kuréel gu ci nekk ak làngam ak bérebam. Ña
nga gànnaayoo seeni saamar ak seeni xeej
ak seeni fitt.
8 Ba loolu amee ma xoolaat lépp, ba
noppi wax ak kàngam yaak kilifa yaak
mbooloo ma ca des ne leen: «Buleen leen
ragal. Fàttalikuleen ne Boroom bi moo
màgg te jara ragal te ngeen xeexal seeni
bokk ak seen doom yu góor ak yu jigéen,
ak seeni jabar ak seeni kër.»
9 Gannaaw gi, noon ya xam ne yég nanu
leen, te Yàlla nasaxal na seen pexe. Ba mu
ko defee nu walbatikuwaat nun ñépp ca
tata ja, ku nekk dellu ca liggéeyam.
10 La ko dale bésub keroog sama xaaju
nit ña rekk a doon liggéey, xaaj ba ca des
gànnaayoo ay xeej aki pakk aki fitt ak
kiiraayal dënn. Kilifa ya nag taxaw ca
gannaaw mboolem waa Yuda.
11 Ña doon tabax tata baak ñay yenook
ñay yene, ñépp di liggéeye benn loxo, loxo
ba ca des ŋàbb ngànnaay.
12 Te it ñay tabax, ku ci nekk, sab saamar
a nga takke ci sa ndigg, ngay liggéey,
boroom bufta bi* feggook man.
13 Ma wax ak garmi yaak kilifa yaak
mbooloo ma ca des, ne leen: «Liggéey bi
réy na, yaatu na, te nun danoo tasaaroo te
soreyantoo ci tata bi.
14 Fu ngeen dégg bufta bi jibe fa,
fekksileen nu fa. Sunu Yàlla dina nu
xeexal.»

* **4.12** ***bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

15 Nu nekk nag ci liggéey bi, genn-wàllu
nit ñi yore ay xeej, dale ko ba bët di set, ba
biddiiw yiy feq.
16 Boobu it laa wax mbooloo ma ne leen:
«Na ku nekk ànd ak ka muy liggéeyandool,
fanaan ci biir Yerusalem. Su ko defee nu
man di wattu guddi, di liggéey bëccëg.»
17 Booba kenn ci nun summiwul ay
yéreem, du man, du samay bokk, du samay
nit, te du wattukat yi ànd ak man. Ku nekk
day ŋàbb ngànnaayam ci ndijooram.

# 5

*Neyemi aar na néew-ji-doole*

1 Ci biir loolu askan waak seeni jabar di
xultu lool ci seen kaw bokki Yawut.
2 Ñii naan: «Nun danoo jaboot, nook
sunu doom yu góor ak yu jigéen. Nañu nu
jox pepp mu nu lekk, ba mana dund.»
3 Ñee naan: «Sunuy tool ak sunuy tóokëri
reseñ ak sunuy kër lanuy tayle ngir am
pepp ci xiif bi.»
4 Ña ca des naan: «Danoo àbb xaalis,
taylee ko sunuy tool ak tóokëri reseñ ngir
fey galagu buur.
5 Moona nun de, nook ñi nuy lebal benn
lanu, diy bokk lenqe, te seeni doom
gënuñu sunuy doom. Terewul nu ngi nara
dugal sunuy doom yu góor ak yu jigéen cig
njaam. Am na sax ñenn ci sunuy doom yu
jigéen, ñu nekk cig njaam ba noppi.
Manunu ci dara ndax sunuy tool ak sunu
tóokëri reseñ a ngi ci yeneen loxo.»
6 Ba ma déggee seeni xultook seen wax
jooju, ma mer lool.
7 Ma daldi dogu ci sama xol ne dinaa
yedd garmi yeek njiit yi. Ma ne leen: «Yeen
yeenay lebal seeni bokk, di sàkku
tegandaay.» Ci kaw loolu ma woote ndaje
mu réy ci seen mbir.
8 Ma ne leen: «Nun def nanu sunu kem
kàttan ngir jotaat sunu bokki Yawut yi ñu
jaayoon ay jàmbur. Léegi yeen ci seen bopp
ngeen di jaay seeni bokk, nun nu war
leena jotaat?» Ñu ne xerem, amuñu lu ñu
wax.
9 Ma dellu ne leen: «Li ngeen di def de
baaxul. Lu leen tee di ragal sunu Yàlla bala
noo torox ci kanam noon yi dul Yawut?
10 Man itam, maak samay bokk ak
samay nit, nu ngi lebal askan wi xaalis ak
pepp. Waaye nanu leen baal bor bii.
11 Dellooleen leen seeni tool, tey jii, ak
seeni tóokëri reseñ ak seen garabi oliw ak
seeni kër. Dellooleen leen itam li ngeen
leen tegoon, muy benn ci téeméeri xaaj, ci
xaalis ak pepp ak biiñ ak diw.»
12 Ñu ne: «Li nga wax lanuy def. Dinanu
leen ko delloo te dootunu leen laaj dara.»
Ba mu ko defee ma woo sarxalkat ya,
giñloo leen ca kanam sarxalkat ya, ne
dinañu def li ñu wax.
13 Ba loolu amee ma yëlëb sama lafu
mbubb wi may dence, daldi ne: «Yal na
Yàlla yëlëbe nii mboolem ku sàmmul kàddu
gii ci yeen, ba xañ ko këram ak alalam. Yal
nañu ko ni yëlëbe, ba mu jeexle tàkk.»
Mbooloo ma mépp ne: «Amiin,» daldi bokk
sargal Aji Sax ji. Mbooloo ma mépp nag
def loolu ñu wax.
14 Ba loolu weesoo, la ko dale bés ba ñu
ma falee boroom réewu Yuda, ca ñaar
fukkeelu atu nguurug Artaserses, ba ca
fanweeru atam ak ñaar, muy fukki at ak
ñaar, lekkunu alalu galag bu boroom réew
yelloo, du man, du samay bokk.
15 Waaye boroom réew yi ma jiitu dañu
daan noot askan wi, di leen sëf seen dund
ak seen biiñ, boole ci ñeent fukki dogi
xaalis*. Seeni surga it di néewal askan wi
doole. Man nag defuma noonu ndax ragal
Yàlla.
16 Xanaa kay damaa saxoo jàpp ci
liggéeyu tata bii. Masunoo jënd suuf, te
sama nit ñépp a daan daje ci liggéey bi.
17 Rax ci dolli daan naa woo téeméeri
kilifay Yawut ak juróom fukk (150), di
bokk ak ñoom sama njël, te limaalewuma
ñi bàyyikoo ci jàmbur yi nu séq, di nu fekksi.
18 Bés bu nekk daan nañu ma waajalal
aw yëkk ak juróom benni xari yar ak
boroomi dunq, ak lu baree bare ci
mboolem xeetu biiñ, ñu di ko indi fukki
fan yu nekk. Loolu taxul ma sàkku benn
yoon galag bu boroom réew di dunde,
ndax liggéey bi diisoon na lool jeeg ci
askan wi.
19 Kon nag rikk sama Yàlla, bàyyil xel ci
man te baaxe ma, ndax mboolem li ma

* **5.15** ***40 dogi xaalis:*** lim boobu mu ngi tollook liibaru xaalis.

defal askan wii!

## 6

### *Tata ba noppi na*

1 Sanbalat ak Tobya nag dégg, ñook
Gesem Arab baak noon ya ca des ne
tabaxaat naa tata ja, ba xar-xar desatu ca,
doonte taxawalaguma woon lafi bunt ya.
2 Sanbalat ak Gesem yónnee ci man, ne
ma: «Dikkal nu dem Kefirim ca xuru Ono,
diisooji fa.» Booba ña nga may fexeel.
3 Ma yónnee leen ay ndaw, ne leen:
«Damaa jàpp lool. Duma mana ñëw. Xanaa
duma dakkal liggéey bi, bàyyi ko fi, di leen
fekki?»
4 Ñu yónnee ci man, wax ma loolu ba
muy ñeenti yoon, sama tont di lenn.
5 Ba ko juróomeel, Sanbalat yóbbanteeti
ab surgaam genn kàddu googu, mu indaale
bataaxal bu tëjuwul, yor ko ci loxoom.
6 Ñu bind ci ne:
«Dégg nañu ci xeet yi dul Yawut, te
Gesem* sax dëggal na ko, ne yaw yaak sa
bokki Yawut dangeen di fexee fippu. Ñu
ne moo tax ngay tabaxaat tata ji. Wax
nañu sax ne dangaa bëgga doon seen buur,
7 te xas ngaa tànn ay yonent yu wara
yéene ci Yerusalem, ne falu nga buur ci
Yuda. Balaa yàgg nag buuru Pers dina jot
ci wax jooju. Kon nag dikkal, nu bokk
diisoo ci.»
8 Ma yónnee ca Sanbalat, ne ko: «Li nga
wax amul. Yaw yaa ko fental sa bopp.»
9 Fekk na ñoom ñépp a nu doon jéema
xoqtal, yaakaar ne dinanu yoqi, ba liggéey
bi du sotti. Ma daldi ne: «Léegi nag Yàlla,
ngalla dooleel ma!»
10 Ci kaw loolu ma dem kër Semaya
doomu Delaya doomu Metabeel, fekk ko
mu tëju cib néegam. Mu ne ma:
«Nan ànd dem ca kër Yàlla ga, ca néeg bu
mag ba,
nu tëju ca néeg bu mag ba, balaa ñu lay
reysi.
Guddi lañuy ñëw, reysi la.»
11 Ma ne ko: «Man duma kuy daw! Te sax
gannaaw duma sarxalkat, nu may dugge
ci biir néegu Yàlla bu mag bi, di génnaale
bakkan†? Man kay demuma.»
12 Booba la ma leer ne ndeke Yàlla yónniwu
ko, waaye Tobyaak Sanbalat ñoo ko fey
ngir mu birale ma noonu kàdduy waxyu,
di ma fexeel.
13 Dañu koo feyoon ngir mu tiital ma, ma
def noonu, muy bàkkaar. Su ko defee ñu
yàq sama der, toroxal ma.
14 Sama Yàlla, yal nanga bàyyi xel ci
Tobyaak Sanbalat te fey leen seen jëf jii,
ñook Nowaja, yonent bu jigéen beek
yeneen yonent yi ma doon xoqtal.
15 Ba mu ko defee ñu àggale tata ji ci ñaar
fukki fan ak juróom ci weeru Elul‡. Ñu
liggéey ko ci juróom fukki fan ak ñaar.
16 Ba ko sunu noon yépp yégee, ñook
mboolem jàmbur ñi nu wër, am nañu
tiitaange ak mbetteel mu réy, ndax xam
nañu ne sunu ndimbalu Yàlla rekk lanu
sottale boobu liggéey.
17 Ca yooya jamono garmiy Yuda daan
nañu bindanteek Tobya lu bare.
18 Bare na sax ci waa Yuda ñu faroon ak
moom ci kaw ngiñ, ndax la mu doon denc
doomu Sekaña, ma Ara di baayam, te
doomam Yoxanan di denc doomu
Mesulam ma Berekya di baayam.
19 Rax ci dolli ñu di ma gëmloo ag
mbaaxam, te di ko jottali samay kàddu.
Tobya nag yónnee ma ay bataaxal, di ma
xoqtal.

## 7

1 Gannaaw ba ñu tabaxaatee tata ja, ma
taxawal lafi bunt ya, ba noppi dénk fara
bunt ya seen liggéey, ñook woykat ya ak
Leween ña.
2 Ci kaw loolu ma sas sama mbokk
Anani, mu jiite Yerusalem, mook Anaña
boroom tata ja, ndax la mu gëna dëggu ñu
bare, gën leena ragal Yàlla.
3 Ma ne leen: «Bu bunti Yerusalem
ubbiku li feek jant bi tàngul. Santleen fara
bunt yi ñuy tëj bunt yi, sës ci galani
tëjukaay yi, balaa waa dëkk biy tëdd. Na ku
nekk ci waa Yerusalem di wattoo ca
bérebu wattukaayam, mbaa buntu këram.»

---

* **6.6 *Gesem*** ak Gasmu, kenn ki la. † **6.11** Néegu Yàlla bu mag bi, sarxalkat yi rekk ñoo fa sañoona dugg. Keneen ku fa dugg, ku dul sarxalkat, day dee. ‡ **6.15 *weeru Elul*** moo yemook juróom benneelu weer ci nattinu yawut, muy ndeetel ut, jàpp sàttumbar.

4 Booba dëkk ba réy na, yaatu na; waaye
nit ña ca dëkk ñoo néew, te kër ya
tabaxewaatul woon.
5 Sama Yàlla xiir ma ma woo garmi yeek
kilifa yeek baadoolo yi, ngir bind leen. Ci
biir loolu ma gis limeefu làng ya njëkka
jóge ngàllo ga, ba ñibbisi. Li ma fekk ñu
bind ko ci mooy lii:

6 Ñii nag ñoo di niti diiwaanu Yuda, ña
jóge njaam ca ngàllo ga leen Nebukatnecar
buuru Babilon yóbbu woon, te ñu jóge ca
ñibbisi Yerusalem ak Yuda, ku nekk ak fa
mu dëkk.
7 Ña nga ñibbi ca njiital Sorobabel ak
Yosuwe* ak Neyemi ak Asaryaa ak
Raamya ak Naxamani ak Mardose ak
Bilsan ak Misperet ak Bigway ak Nexum
ak Baana. Limeefu góori bànni Israayil nii
la tëdde:
8 askanu Paros ñaari junni ak téeméer ak
juróom ñaar fukk ak ñaar (2 172) lañu.
9 Askanu Sefatiya ñetti téeméer ak
juróom ñaar fukk ak ñaar (372) lañu.
10 Askanu Ara di juróom benn téeméer
ak juróom fukk ak ñaar (652).
11 Askanu Paxat Mowab, soqikoo ci
Yesuwa ak Yowab, di ñaari junni ak juróom
ñetti téeméer ak fukk ak juróom ñett (2 818).
12 Askanu Elam junni ak ñaari téeméer
ak juróom fukk ak ñeent (1 254) lañu.
13 Askanu Sàttu juróom ñetti téeméer ak
ñeent fukk ak juróom (845) lañu.
14 Askanu Sakay juróom ñaari téeméer ak
juróom benn fukk (760) lañu.
15 Askanu Binuy juróom benn téeméer ak
ñeent fukk ak juróom ñett (648) lañu.
16 Askanu Bebay juróom benn téeméer
ak ñaar fukk ak juróom ñett (628) lañu.
17 Askanu Asgàdd ñaari junni ak ñetti
téeméer ak ñaar fukk ak ñaar (2 322) lañu.
18 Askanu Adonikam juróom benni
téeméer ak juróom benn fukk ak juróom
ñaar (667) lañu.
19 Askanu Bigway ñaari junni ak juróom
benn fukk ak juróom ñaar (2 067) lañu.
20 Askanu Adin juróom benn téeméer ak
juróom fukk ak juróom (655) lañu.
21 Askanu Ater soqikoo ci Esekiyas, di
juróom ñeent fukk ak juróom ñett (98).
22 Askanu Asum ñetti téeméer ak ñaar
fukk ak juróom ñett (328) lañu.
23 Askanu Beccay ñetti téeméer ak ñaar
fukk ak ñeent (324) lañu.
24 Askanu Arif téeméer ak fukk ak ñaar
(112) lañu.
25 Askanu Gabawon juróom ñeent fukk
ak juróom (95) lañu.
26 Waa Betleyem ak Netofa téeméer ak
juróom ñett fukk ak juróom ñett (188) lañu.
27 Waa Anatot téeméer ak ñaar fukk ak
juróom ñett (128) lañu.
28 Waa Bet Asmawet ñeent fukk ak ñaar
(42) lañu.
29 Waa Kiryaat Yarim ak Kefira ak
Beerot juróom ñaari téeméer ak ñeent fukk
ak ñett (743) lañu.
30 Waa Raama ak Geba juróom benni
téeméer ak ñaar fukk ak benn (621) lañu.
31 Waa Migmas téeméer ak ñaar fukk ak
ñaar (122) lañu.
32 Waa Betel ak Ayi téeméer ak ñaar fukk
ak ñett (123) lañu.
33 Waa Nebo gu ndaw juróom fukk ak
ñaar (52) lañu.
34 Waa Elam gu ndaw junni ak ñaari
téeméer ak juróom fukk ak ñeent (1 254)
lañu.
35 Waa Arim ñetti téeméer ak ñaar fukk
(320) lañu.
36 Waa Yeriko ñetti téeméer ak ñeent fukk
ak juróom (345) lañu.
37 Waa Lodd ak Adidd ak Ono juróom
ñaari téeméer ak ñaar fukk ak benn (721)
lañu.
38 Waa Senaa ñetti junni ak juróom
ñeenti téeméer ak fanweer (3 930) lañu.
39 Sarxalkat yi ñii la: askanu Yedaya,
soqikoo ci waa kër Yosuwe, di juróom
ñeenti téeméer ak juróom ñaar fukk ak ñett
(973).
40 Askanu Imer junni ak juróom fukk ak
ñaar (1 052) lañu.
41 Askanu Pasur junni ak ñaari téeméer
ak ñeent fukk ak juróom ñaar (1 247) lañu.
42 Askanu Arim junni ak fukk ak juróom
ñaar (1 017) lañu.

* **7.7** Yesuwa ci làkku ebrë. Yosuwe lanu bind ci tekki bii, muy doomu Yoccadag te doon sarxalkat bu mag bi mujj lu jiitu ngàllo ga ca Babilon. Yosuwe mii lu gëna bare dees na ko tuddaaleek Sorobabel. Feneen fu ñu ne Yesuwa ci téere bi, keneen a tax ñuy wax.

43 Leween ñi ñii la: askanu Yesuwa ma
soqikoo ca Kadmiyel. Mooy ñi bànqaasoo ci
Odawya, tollu ci juróom ñaar fukk ak ñeent
(74).
44 Woykat yi ñoo di askanu Asaf, di
téeméer ak ñeent fukk ak juróom ñett (148).
45 Askanu fara bunt yi ñoo di askanu
Salum ak askanu Ater ak askanu Talmon
ak askanu Akub ak askanu Atita ak
askanu Sobay, di téeméer ak fanweer ak
juróom ñett (138).
46 Liggéeykati kër Yàlla gi ñoo di askanu
Cixa ak askanu Asufa ak askanu Tabawot
47 ak askanu Keros ak askanu Siya ak
askanu Padon
48 ak askanu Lebana ak askanu Agaba
ak askanu Salmay
49 ak askanu Xanan ak askanu Gidel ak
askanu Gaxar
50 ak askanu Reyaya ak askanu Reccin
ak askanu Nekoda
51 ak askanu Gasam ak askanu Usa ak
askanu Paseya
52 ak askanu Besay ak askanu
Mewuneen ña ak askanu Nefusim
53 ak askanu Bagbug ak askanu Akufa
ak askanu Arur
54 ak askanu Bacclut ak askanu Mexida
ak askanu Arsa
55 ak askanu Barkos ak askanu Sisera ak
askanu Temax
56 ak askanu Necciya ak askanu Atifa.
57 Askanu jaami Suleymaan ñii la:
askanu Sotay ak askanu Soferet ak askanu
Perida
58 ak askanu Yaala ak askanu Darkon ak
askanu Gidel
59 ak askanu Sefatiya ak askanu Atil ak
askanu Pokeret Accebayim ak askanu
Amon.
60 Mboolem liggéeykati kër Yàlla gi ak
askanu jaami Suleymaan yi, ñetti téeméer
ak juróom ñeent fukk ak ñaar (392).
61 Ña bàyyikoo Tel Melax ak Tel Arsa ak
Kerub Adon ak Imer te manuñoo firndeel
ne seen waa kër maam ak seen askan ci
Israayil lañu bokk, ñii la:
62 askanu Delaya ak askanu Tobya ak
askanu Nekoda, di juróom benn téeméer
ak ñeent fukk ak ñaar (642).
63 Am na it ñu loolu daloon ci sarxalkat
yi, muy askanu Obaya ak askanu Akocc ak
askanu Barsilay ma doon denc doomu
Barsilay waa Galàdd ba, ba tax ñu santale
ko seen sant.
64 Ñooñu seet nañu seen limeefu kër
maam, waaye gisuñu ko. Ñu daldi leen
doyadal, génne leen ci carxal gi.
65 Boroom dëkk ba nag aaye leen ñu lekk
ci ñam yu sell yaa sell, ba keroog sarxalkat
ba di am lu leer ci ñoom ci jumtukaayi
tegtal yi ñuy wax Urim ak Tumim.
66 Limu mbooloo ma mépp ba mu daj,
ñeent fukki junneek ñaar ak ñetti téeméer
ak juróom benn fukk (42 360) lañu,
67 te limaaleesul seen jaam yu góor ak
yu jigéen yi tollu ci juróom ñaari junni ak
ñetti téeméer ak fanweer ak juróom ñaar
(7 337). Amoon nañu itam ay woykat yu
góor ak yu jigéen yu tollu ci ñaari téeméer
ak ñeent fukk ak juróom (245),
68 ak ñeenti téeméeri giléem ak fanweer
ak juróom (435) ak juróom benni junniy
mbaam ak juróom ñaari téeméer ak ñaar
fukk (6 720).
69 Am na ñu jiite seen kër baay, ñu def
seen loxo ca liggéey ba. Boroom dëkk ba
def na ca alal ja junniy (1 000) poseti
wurus ak juróom fukki (50) këll ak
fanweeri (30) mbubbi sarxalkat ak
juróomi téeméeri (500) dogi xaalis†.
70 Ñenn ca ña jiite seen kër baay def nañu
seen loxo ca alal ja ñu jagleel liggéey ba,
mu tollu ci ñaar fukki junniy (20 000)
poseti wurus ak ñaari junniy dogi xaalis ak
ñaari téeméer (2 200).
71 La des ca askan wa joxe na ñaar fukki
junniy (20 000) poseti wurus ak ñaari
junniy (2 000) dogi xaalis ak mbubbi
sarxalkat yu tollu ci juróom benn fukk ak
juróom ñaar (67).
72 Ba loolu amee sarxalkat yaak Leween
ñaak fara bunt yaak woykat yaak ñenn ca
baadoolo yaak liggéeykati kër Yàlla ga
sancaat ca seen dëkki cosaan, niki bànni
Israayil gépp.

# 8

*Esra jàngal na mbooloo ma*

† **7.69** Fi ñu tudd fanweeri mbubbi sarxalkat yi ak juróomi téeméeri dogi xaalis, am na ñu fi boole ñaari lim yooyu, moomale ko dayob mbubbi sarxalkat yi doŋŋ.

Ba juróom ñaareelu weer wa teroo, ba
bànni Israayil sancaat seeni dëkk,
1 mbooloo mépp a daje, di benn bopp ca
mbedd ma jàkkaarlook buntu Ndox ma. Ñu
wax Esra bindkat ba, ne ko mu indi téereb
yoonu Musaa wi Aji Sax ji dénk Israayil.
2 Esra, mi doon ab sarxalkat itam, indi
téereb yoon wi keroog benn fanu juróom
ñaareelu weer wa, fa kanam mbooloo ma,
góor ak jigéen, mboolem ña seeni at may
ñu dégg ko.
3 Esra jàng ko janook mbedd ma
jàkkaarlook buntu Ndox ma, dale ko ba bët
setee ba ca digg bëccëg. Mbooloo maa nga
teew, góor ak jigéen, mboolem ña dégg la
ca nekk. Ñépp nag di teewlu kàdduy téereb
yoon wa.
4 Esra bindkat baa nga taxaw ca kaw
tóoju bu kawe ba ñu defare dénk ngir bés
ba. Ña feggook moom ca ndijooram di
Matica ak Sema ak Anaya ak Uri ak Ilkiya
ak Maaseya. Ña ko féete càmmoñ di Pedaya
ak Misayel ak Malkiya ak Asum ak
Asbadana ak Sàkkaryaa ak Mesulam.
5 Ba Esra di ubbi téere ba, mbooloo mépp
a ca teg seeni bët, ndax mbooloo mépp la
tiim. Mbooloo mépp nag jóg taxaw.
6 Esra daldi sant Aji Sax ji, Yàlla ju màgg
ji. Mbooloo ma mépp ànd ne: «Ëskëy waay!
Amiin!» yékkati seeni loxo, sukk, sujjóotal
Aji Sax ji, dëpp seeni jë fa suuf.
7 Ci kaw loolu Yesuwa ak Bani ak
Serebya ak Yamin ak Akub ak Sabtay ak
Oja ak Maaseya ak Kelita ak Asaryaa ak
Yosabàdd ak Xanan ak Pelaya ak Leween
ña di leeralal mbooloo ma yoonu Musaa.
Mbooloo maa nga taxaw, kenn ku nekk
benn béreb.
8 Ci biir loolu ñu di leen jàngal téereb
yoonu Yàlla wi, njàng mu leer, di leen ko
firil ba ñu xam li ñuy jàng.
9 Gannaaw loolu Neyemi boroom dëkk
ba ànd ak Esra sarxalkat ba, di bindkat ba
ba tey, ak Leween ñay xamal mbooloo ma,
wax ak ñoom ñépp, ne leen: «Bésub tey jii,
bés bu sell la, ñeel Aji Sax ji, seen Yàlla.
Buleen ci naqarlu, buleen ci jooy.» Booba
mbooloo ma mépp a doon jooy ca kàdduy
yoon wa ñu dégg.
10 Esra ne leen: «Ayca demleen lekk lu
gëna duuf, naan lu neexa neex te sédd ci ñi
amul lu ñu togg; ndax bésub tey bés bu sell
la ñeel sunu Boroom. Kon buleen ci
naqarlu kat, ndax bége Aji Sax ji mooy
seen doole!»
11 Leween ña nag di dëfal mbooloo ma
mépp, naan leen: «Noppileen waay, ndax
tey bés bu sell la. Kon buleen ci naqarlu.»
12 Ba mu ko defee mbooloo ma mépp
ñibbi, di lekk aka naan aka yekkle di
bànneexu bu baax. Fekk na ñu xam kàddu
ya ñu leen doon xamal.

## *Feddali nañu màggalu Mbaar yi*

13 Keroog ñaari fan ca weer wa nag ña
yilif seen kër baay yépp ànd ak sarxalkat
yaak Leween ña, ñu daje ca Esra bindkat
ba, di gëstu kàdduy yoon wi.
14 Ci kaw loolu ñu gis ne bind nañu ci
yoon wi Aji Sax ji santaane, te Musaa
jottali ko, ne: Bànni Israayil dañoo wara
dëkk ci ay mbaar diiru màggalu weeru
juróom ñaareel wa.
15 Ñu siiwal nag ndigal, ca mboolem
seeni dëkk ak ca Yerusalem, daldi yéene
ne: «Demleen ca tund ya, wuti ay cari
garabi oliw ak cari garabi pẽe* ak cari
garabi mirt ak cari garabi tàndarma ak cari
garab yu sëq, ndax ñu defare ko ay mbaar,
muy li ñu bind.»
16 Ba loolu amee mbooloo ma wuti ay
car, defare ko ay mbaar ca seen kaw taaxi
kër ak ca seeni biir ëtt ak ca ëtti kër Yàlla ga
ak ca mbedd ma ca buntu Ndox ma ak ca
mbedd ma ca buntu Efrayim.
17 Ci kaw loolu mboolem ña ñibbisee ca
njaam ga defar ay mbaar, dal ca mbaar ya.
La ko dale jamonoy Yosuwe doomu Nuun,
ba bésub keroog bànni Israayil defatuñu
woon lu ni mel. Muy mbégte mu réya réy.
18 Ci biir loolu ñuy jàng ci téereb yoonu
Yàlla wi bés bu nekk, tàmbalee ko ca bés bu
njëkk ba, ba ca bés bu mujj ba. Amal nañu
màggal ga diiru juróom ñaari fan. Bésub
juróom ñetteel ba nag ñu woote ca am
ndaje mu sell, muy la ñu digle.

# 9

## *Kàdduy tuub jib na*

* **8.15** ***garabi pẽe*** xeetoo naak filaawoo.

1 Keroog ñaar fukki fan ak ñeent ca weer
woowa, bànni Israayil daje, sol ay saaku,
xëppoo suuf, di ko ñaawloo ci biir koor.
2 Ci kaw loolu askanu Israayil beddeeku
doxandéem yépp. Ñu taxaw nag, tudd seen
bàkkaari bopp ak seen ñaawtéefi maam.
3 Ci biir loolu ñu taxaw, di jàng ca seen
téereb yoonu Yàlla Aji Sax ji, diirub
xaajaatu bés ba. Xaajaatu bés ba ca topp
ñuy tuub aka sujjóotal seen Yàlla Aji Sax ji.
4 Yesuwa daldi taxaw ca kaw tóoju bu
kawe ba ñu jagleel Leween ña, mook Bani
ak Kadmiyel ak Sebaña ak Buni ak
Serebya ak Bani meneen ma, ak Kenani.
Ña ngay àddu ca kaw, di wax ak seen Yàlla
Aji Sax ji.
5 Yesuwa nag ak Kadmiyel ak Bani ak
Asabneya ak Serebya ak Oja ak Sebaña ak
Petaxya, Leween ñooñu ñépp àddoondoo
ne:
«Màggalleen seen Yàlla Aji Sax ji sax dàkk,
ba fàww. Nañu màggal sa tur wu tedd, wi
raw gépp cant ak ngërëm:
6 «Yaw Aji Sax ji, yaw kenn yaa sàkk
asamaan yi, ba ca asamaan ya gëna kawe
ak seen gàngoor yépp, ak suuf ak lépp li ci
kawam, ak géej ak lépp li ci biir. Yooyu
yépp, yaay ki leen di may bakkan, te
gàngoori asamaan, yaw lañuy sujjóotal.
7 Yaw yaa di Aji Sax ji, Yàlla ji tànn
Ibraam, jële ko Ur gu waa Kalde, tudde ko
Ibraayma.
8 Yaa gis mu nangul la ci xolam; nga fas
ak moom kóllëre, dig askanam réewum
Kanaaneen ñaak Etteen ñaak Amoreen
ñaak Periseen ñaak Yebuseen ñaak
Girgaseen ña. Te def nga li nga dige it,
ndax yaw yaay Ku jub ki.
9 Ba nga gisee sunu toroxtey maam ya
ca Misra, dégg seeni yuux ca tefesu géeju
Barax ya,
10 yaa wàcce ay firndeeki kéemaan ca
kaw Firawnaaki jawriñam ñépp ak askanu
réewam mépp, ndaxte yégoon nga
reewande ga waa Misra doon jëflanteek
sunuy maam. Ca nga siiwal saw tur ba tey
jii.
11 Géej nga leen xaral, ñu jaare suuf su
wow koŋŋ, ca digg géej ga, ña leen doon
dàq nag, nga fél leen ca biir xóote ya, ñu
tàbbi niw doj ci ndox mu baawaan.
12 Ci kaw loolu nga di leen jiitee bëccëg
aw taxaaru niir, di leen jiitee guddi
taxaaru sawara, di leen niital yoon wa ñuy
jaare.
13 Ca tundu Sinayi wa nga wàcc, àddoo
asamaan, wax ak ñoom, dénk leen ndigal
yu jub, ak yoon yu dëggu, ak dogali yoon
ak santaane yu baax.
14 Sa bésub Noflaay bu sell it, yaa leen ko
xamal, te say santaaneeki dogali yoon ak
saw yoon, yaa leen ko dénk. Musaa, sa
jaam ba, jottali leen ko.
15 Pepp mu tawe asamaan nga faje seen
xiif, ndox mu balle ciw doj, nga faje seen
mar, te ne leen ñu dem nanguji réew ma
nga leen giñaloon.

16 «Sunu maam yooyu kay ñoo mujj fuuy,
sajju loos, ba sàmmuñu say santaane.
17 Ñoo baña dégg, baña bàyyi xel sa
kéemaan yi nga def ci seen biir, te ñoo sajju
loos, fétteeral ba fal njiit, nara dellu ca
seen njaam ga. Waaye yaw yaay Yàlla jiy
boroom njéggal ak yiw ak yërmande, di
muñ mer, te bare ngor, ba tax waccoo
leen.
18 Dem nañu sax ba móolal seen bopp
jëmmu wëllu te naan: “Yeen, seen Yàllaa
ngii; moo leen génne réewum Misra,” ñàkke
la kersa lool.
19 Waaye yaw, ci sa yërmande ju réy,
waccoo leen ca màndiŋ ma. Taxaaru niir
wa noppiwula taxaw ci seen kanam
bëccëg bu nekk, di leen jiite ca yoon wa.
Taxaaru sawara wa it noppiwula taxaw
guddi, di leen niital yoon wa ñuy jaar.
20 Sa xel mu rafet nga leen may ba ñu
mana ràññee; sa mànn it, noppiwuloo leen
koo leel, teg ca ndox ma nga leen daan
fajale mar.
21 Diiru ñeent fukki at nga leen dundal
ca màndiŋ ma, ñàkkuñu dara. Seeni yére
ràppul, seeni tànk newiwul.

22 «Yaa leen moomale ay réew aki xeet,
séddale leen suuf. Ñu nangu réewum Sixon,
réewum buurub Esbon, teg ca réewum Og
buuru Basan.
23 Giiral nga leen, ba ñu tollu ni biddiiwi
asamaan, ba noppi dugal leen ca réew ma
nga waxoon seeni maam ñu nanguji ko.

24 Ci kaw loolu seeni doom nanguji réew
ma. Yaa leen nangulal Kanaaneen ña
dëkkoon ca réew ma, teg ci seeni loxo buuri
réew maak baadoola ya, ñu di leen def lu
leen soob.
25 Nangu nañu ay dëkk yu tata wër ak
suuf su nangu, aakimoo kër yu fees ak
gépp ngëneel aki teen ak tóokëri reseñ ak
garabi oliw, garab yay meññ, ne xas, ñuy
lekk ba suur. Ñu regg, di xéewloo sa mbaax
gu réy gi.
26 «Waaye dégguñu ndigal, xanaa di la
gàntal. Dañoo sànni saw yoon seen
gannaaw; sa yonent ya leen doon xiirtal ci
délsi ci yaw, ñu rey leen, ba ñàkke la kersa
lool.
27 Nga daldi leen teg ci seen loxoy noon,
ñu fitnaal leen. Teewul ñu jàq, woo la wall,
nga dégge ko fa asamaan, ba jox leen ñu
leen xettali ci sa yërmande ju yaa, ñu
xettali leen ci seen dooley noon.
28 Naka lañu am noflaay, daldi dellu ci
def lu bon fi sa kanam. Nga wacc leen nag
ca seen loxoy noon, ñu moom leen. Ba ñu
delloo woo la wall, yaa leen dégge fa
asamaan, ba xettali leen ay yooni yoon ci
sa yërmande ju réy.
29 Artu nga leen ndax ñu dellu ci saw
yoon, teewul ñu bew, ba sàmmuñu say
santaane, xanaa di moy sa àttey yoon yiy
taxa dund képp ku ci sàmmu. Ñuy daŋŋiiral,
sajju loos, bañ laa déggal.
30 Ndaxam muñal nga leen ay at yu bare,
di leen artoo sam xel, say yonent di leen
ko jottali; waaye taxul ñu déglu. Nga teg
leen nag ci loxoy waa réew yi.
31 Sa yërmande ju réy nga topp, ba
faagaagaloo leen. Wacculoo leen it, ndax
yaw Yàllay yiw ak yërmande nga!
32 «Kon rikk waay, yaw sunu Yàlla, Yàlla
ju màgg ji àttan te mata ragal, di sàmm
kóllëreek ngor; ngalla bul xeeb mboolem
toskare ji dikkal sa ñoñ, muy buur ak njiit,
sarxalkat ak yonent, dale ca sunuy maam
ba ci nun ñépp tey, ca janti buuri Asiri, ba
sunu jonni yàllay tey.
33 Yaw nag yaa àtte dëgg ci mboolem li
nu dal, ndax kóllëre nga jëfe, nun noo bon.
34 Sunuy buur ak sunuy njiit nag ak
sunuy sarxalkat ñoo dale ca sunuy maam,
di baña topp sa yoon, baña sàmm say
santaane, bàyyiwuñu xel it ci kàdduy seede
yi nga leen artoo.
35 Ba ñu moomee seenum réew, nekk ci
sa teraanga ju réy ja nga leen may ca suuf
su yaa su nangu sa nga leen jox,
jaamuwuñu la woon te dëdduwuñu seen
manin yu ñaaw ya.
36 Nu ngi nii tey diy jaam. Réew ma nga
joxoon sunuy maam, ñuy lekk meññeefam
aki ngëneelam, fi lanu doon nii ay jaam.
37 Li suuf siy jur a ngi ne gàññ, di alalu
buur yi nga teg ci sunu kaw, ndax sunuy
moy. Dañu noo yilif, yilif sunug jur, nu mu
leen neexe, nun nag nu nekke njàqare ju
réy.»

# 10

*Bànni Israayil dogu nañu*

1 «Loolu yépp tax na nuy tëral takktoo bu
dogu, bind ko, sunuy njiit ak sunuy
Leween ak sunuy sarxalkat def ci seen
màndargay torlukaay.»
2 Ñi ko torlu ñoo di
Boroom dëkk bi Neyemi doomu Akalya,
mook Cedesyas
3 ak Seraya ak Asaryaa ak Yeremi
4 ak Pasur ak Amarya ak Malkiya
5 ak Atus ak Sebaña ak Malukk
6 ak Arim ak Meremot ak Abdiyas
7 ak Dañeel ak Gineton ak Barukk
8 ak Mesulam ak Abya ak Miyamin
9 ak Maasya ak Bilgay ak Semaya. Ñooñu
ñoo di sarxalkat ya.
10 Leween ñi ñoo di
Yesuwa doomu Asaña ak Binuy, kenn ca
doomi Enadàdd, ak Kadmiyel.
11 Seeni bokk ca lañu, di Sebaña ak Oja
ak Kelita ak Pelaya ak Xanan
12 ak Mise ak Rexob ak Asabya
13 ak Sakur ak Serebya ak Sebaña
14 ak Oja ak Bani ak Beninu.
15 Njiiti askan wi ñoo di
Paros ak Paxat Mowab ak Elam ak Sàttu
ak Bani
16 ak Buni ak Asgàdd ak Bebay
17 ak Adoña ak Bigway ak Adin
18 ak Ater ak Esekiyas ak Asur
19 ak Oja ak Asum ak Beccay
20 ak Arif ak Anatot ak Nebay
21 ak Magpiyas ak Mesulam ak Esir

22 ak Mesesabel ak Cadog ak Yaduwa
23 ak Pelaca ak Xanan ak Anaya
24 ak Ose ak Anaña ak Asub
25 ak Aloxes ak Pilxa ak Sobeg
26 ak Rexum ak Asabna ak Maaseya
27 ak Axya ak Xanan ak Anan
28 ak Malukk ak Arim ak Baana.

*Solos dogu baa ngii*

29 Bànni Israayil ga ca des nag fekksi
leen, muy sarxalkat yaak Leween ñaak
fara bunt yaak woykat yaak liggéeykati kër
Yàlla ga, di mboolem ñi beddeeku woon
askanu yéefar yi, ngir topp yoonu Yàlla wi,
ñook seeni jabar ak seeni doom yu góor ak
yu jigéen, mboolem ñi xam te xàmmee.
30 Ci kaw loolu ñu ànd ak seen bokki
garmi, waatook ñoom ne dinañu topp
yoonu Yàlla wi mu dénkaane, Musaa
jaamam ba jottali; di ko sàmm, di jëfe
mboolem sunu santaaney Boroom Aji Sax
ji ak àttey yoonam ak dogali yoonam.
31 Nu ne nag:

«Dunu may waa réew mi sunu doom yu
jigéen te sunuy doom yu góor dunu leen fa
jëlal jabar.
32 «Te itam bu waa réew mi indee am
njaay mbaa lépp luy pepp, di ko jaay ci
bésub Noflaay, dunu ko jënd ci ñoom bésub
Noflaay mbaa bés bu sell.

«Atum juróom ñaareel mu nekk dinanu
booyal tool yi, noppal leen, te baale bépp
bor.
33 «Ci biir loolu nu warloo santaaney
joxe at mu nekk ñeenti garaami xaalis, bu
jëm ca sunu liggéeyu kër Yàlla ga,
34 jëm ca mburum teewal ma, ak saraxi
pepp yi war bés bu nekk, ak saraxi dóomal
yu bés bu nekk, ak saraxi bési Noflaay, ak
yu Terutel weer ak yu bési màggal yi, ak
yeneen yu ñu sellalal Yàlla, ak saraxi
póotum bàkkaar yi bànni Israayil di jotoo,
ak mboolem la war ca sunu liggéeyu kër
Yàlla ga.
35 «Ay bant lanu tegoo ci sunu biir, nun
sarxalkat yeek Leween ñeek baadoolo yi,
ngir dogalal waa kër gu nekk àpp ba ñu
wara aye cim at, te ñu war caa yóbbu seen
sasu matt ca sunu kër Yàlla ga, ngir taal ko
ca sunu sarxalukaayu Yàlla Aji Sax ji, muy
la ñu bind ci téereb yoon wi.
36 «Nu dogu ba tey ne dinanu yóbbu ca
kër Aji Sax ji, at mu nekk, li sunu suuf
njëkka meññle ak lu garab yépp njëkka
ñorle.
37 Ci biir loolu nu dogoo def li ñu bind ci
yoon wi, di yóbbu ca sunu kër Yàlla ga sunu
taaw yu góor ak lu sunu jur taawloo, gu
gudd gaak gu gàtt ga, di teg lépp ci loxoy
sarxalkat ya fay liggéey.
38 Ci kaw loolu nu wara yóbbu ca sunu
néegi dencukaayi kër Yàlla ga lu njëkk ci
sunu nootu sunguf ak sunu njoxey pepp
ak sunu meññeefi garab yépp ak sunu biiñ
ak diw, di teg lépp ci loxoy sarxalkat yi. Ba
tey nuy indil Leween ñi céru fukkeelub
lépp luy meññee ci sunu suuf, ndax
Leween ñeey dajalesi céri fukkeel yi ci gox
yi nuy bey yépp.
39 Sarxalkat bu askanoo ci Aaróona
mooy gunge Leween ñiy jëlsi céri fukkeel
yi. Su ko defee Leween ñi yóbbu fukkeelu
céri fukkeel yi ba ca sunu kër Yàlla ga, fat
ko ca néegi dencukaayi alal ya.
40 Ci néeg yooyu la bànni Israayil ak
askanu Leween ñi di yóbbu njoxem pepp
ma ak biiñ baak diw ga; fa la ndabi kër gu
sell ga dence, te fa la sarxalkat ya nekk,
ñoom ña sasoo liggéey ba, ñook fara bunt
yaak woykat ya. Nu dogu nag ne dunu
sàggane sunu kër Yàlla ga.»

# 11

1 Ba mu ko defee njiiti mbooloo ma dem
sanc Yerusalem. Ña des ca mbooloo ma
tegoo bant ngir fukk ñu daje kenn génne
ca, dëkk Yerusalem, dëkk bu sell bi, juróom
ñeent ñi ci des toog ca yeneen dëkk yu
ndaw.
2 Mbooloo ma nag gërëm ñi nangul seen
bopp ne dañuy dëkk Yerusalem.
3 Dëkki Yuda ya bànni Israayil yaa ca
dëkkoon, ñook sarxalkat yaak Leween ñaak,
ña féetewoo liggéey yu sew ya ca kër Yàlla
gaak ña askanoo ca jaami Suleymaan ya,
ku nekk ak sa céru suuf, ca dëkk ba nga
bokk. Ñii ñuy lim nag ñooy njiiti diiwaan ñi
dëkke Yerusalem.
4 Amoon na it ñu dëkkoon Yerusalem te
bokk ci giirug Yuda ak giirug Beñamin.

Ñi bokk ci askanu Yuda, Ataya la, ku
góor ka Usya di baayam, Sàkkaryaa di

baayu Usya, Amarya di baayu Sàkkaryaa,
Sefatiya di baayu Amarya, Maalaleel di
baayu Sefatiya, ñooy ñi soqikoo ci Peres
doomu Yuda.
5 Maaseya ku góor ka Barukk di baayam,
Kol Ose di baayu Barukk, ñoom ak Xasaya,
Adaya, Yoyarib ak Sàkkaryaa ñooy ñi
soqikoo ci Sela doomu Yuda.
6 Waa askanu Peres ya dëkk Yerusalem
ñeenti téeméeri jàmbaar lañu ak juróom
benn fukk ak juróom ñett (468).
7 Ñi bokk ci askanu Beñamin, Salu la, ku
góor ka Mesulam di baayam, Yowet di
baayu Mesulam, Pedaya di baayu Yowet,
Kolaya di baayu Pedaya, Maaseya di
baayu Kolaya, Itiyel di baayu Maaseya,
Yesaya di baayu Itiyel,
8 Gabay ak Salay topp ca. Ñoom ñépp di
juróom ñeenti téeméer ak ñaar fukk ak
juróom ñett (928).
9 Yowel doomu Sikkri moo leen jiite
woon, Yuda doomu Asenuwa topp ca, di
ñaareelu kilifag dëkk ba.
10 Sarxalkat ya Yedaya doomu Yoyarib
Yakin bokk na ca,
11 ak Seraya, baayam di Ilkiya, Mesulam
di baayu Ilkiya, Cadog di baayu Mesulam,
Merayot di baayu Cadog, Axitub, njiital
kër Yàlla ga di baayu Merayot.
12 Ñoom ak ña ñu àndal ca liggéeyu kër
Yàlla ga. Ñuy juróom ñetti téeméer ak ñaar
fukk ak ñaar (822). Adaya ma Yeroxam di
baayam it bokk na ca. Pelalya di baayu
Yeroxam, Amci di baayu Pelalya,
Sàkkaryaa, di baayu Amci, Pasur di baayu
Sàkkaryaa, Malkiya di baayu Pasur.
13 Maam la ak ña mu àndal ca liggéey ba
te ñu yilif seeni kër baay, ñuy ñaari téeméer
ak ñeent fukk ak ñaar (242). Amasay ma
Asareel di baayam bokk na ca, Axsay di
baayu Asareel, Mesilemot di baayu Axsay,
Imer di baayu Mesilemot.
14 Moom la ak seeni bokk yu jàmbaare te
ñeme. Ñuy téeméer ak ñaar fukk ak juróom
ñett (128). Sabdiyel ma Gedolim di
baayam moo leen jiite woon.
15 Leween ña Semaya ma Asub di
baayam bokk na ca, Asrikam ay baayu
Asub, Asabya di baayu Asrikam, Buni di
baayu Asabya,
16 moom la ak Sabtay ak Yosabàdd, di
ñaari kilifay Leween yu sasoo liggéeyu kër
Yàlla ga, fa féete biti;
17 ak Matañа ma baayam di Mise, Sabdi
mooy baayu Mise, Asaf miy baayu Sabdi
moo doon kilifa gay jiite ci cant ak ñaan; ak
Bagbukiya miy mbokkum Matañа tey njiit
li topp ci moom, ak Abda mi Samwa di
baayam, Galal di baayu Samwa, Yedutun
di baayu Galal.
18 Mboolem Leween ña dëkkoon ca dëkk
bu sell ba ñaari téeméer lañu ak juróom ñett
fukk ak ñeent (284).
19 Wattukati bunt ya, Akub la woon, ak
Talmon ak seeni bokk. Ñoo doon wattu
bunt ya, tollu ci téeméer ak juróom ñaar
fukk ak ñaar (172).
20 Ña des ci bànni Israayil nag, boole ca
sarxalkat yaak Leween ña ca des daldi
dëkke mboolem dëkki Yuda ya, ku nekk ak
fa mu séddoo.
21 Ci kaw loolu ña féetewoo liggéey yu
sew ya ca kër Yàlla ga dëkk Ofel, Cixa ak
Gispa jiite leen.
22 Kilifag Leween ña ca Yerusalem moo
doon Usi ma Bani di baayam; Asabya di
baayu Bani, Matañа di baayu Asabya,
Mise di baayu Matañа. Usi bokkoon ci ñi
askanoo ci Asaf te doonoon woykat yay
woy ca kër Yàlla ga.
23 Woykat ya sax ña nga nekkoon ca
ndigalal Buur lu leen di dogalal la leen
war bés bu nekk.
24 Petaxya ma baayam di Mesesabel mu
bokk ci askanu Sera doomu Yuda, moom
la Buur dénkoon mboolem mbir yi soxal
mbooloo mi.
25 Ci wàllu dëkk yu ndaw yeek seeni àll
nag am na waa kër Yuda yu dëkke woon
Kiryaat Arba ak dëkk-dëkkaan ya ko wër,
am ñu ca dëkke Dibon ak dëkk-dëkkaan ya
ko wër, am ñu dëkke Yekabceel ak gox ya
ko wër,
26 am ñu dëkke Yesuwa ak Molada ak Bet
Pelet
27 ak Àccar Suwal ak Beerseba ak
dëkk-dëkkaan ya ko wër.
28 Mu am ñu dëkke Ciglaag ak Mekona ak
dëkk-dëkkaan ya ko wër,
29 ak En Rimon ak Cora ak Yarmut
30 ak Sanowa ak Adulam ak gox ya ko
wër, ak Lakis aki toolam ak Aseka ak

dëkk-dëkkaan ya ko wër. Noonu ñu dëkke la
dale Beerseba ba ca xuru Inom.
31 Noonu waa giirug Beñamin dëkke la
dale Geba ak Migmas, boole ca Aya ak
Betel ak dëkk-dëkkaan ya ko wër.
32 Mu am ñu ca dëkke Anatot ak Noob ak
Anaña
33 ak Àccor ak Raama ak Gitayim
34 ak Adidd ak Ceboyim ak Nebalat
35 ak Lodd ak Ono ca xuru Liggéeykat ya.
36 Am na nag ay kuréeli Leween ñu
bàyyikoo Yuda sanci ca waa giirug
Beñamin.

## 12

### *Ñii ñooy Leween ñeek sarxalkat yi njëkka ñibbisi*

1 Sarxalkat yaak Leween ña ñibbisi, ànd
ak Sorobabel doomu Selcel, ak Yosuwe
sarxalkat bu mag ba, ñii la: Seraya ak
Yeremi ak Esra
2 ak Amarya ak Malukk ak Atus
3 ak Sekaña ak Rexum ak Meremot
4 ak Ido ak Ginetoy ak Abya
5 ak Miyamin ak Maaja ak Bilga
6 ak Semaya ak Yoyarib ak Yedaya
7 ak Salu ak Amog ak Ilkiya ak Yedaya.
Ñooñooy kilifay sarxalkat yeek seeni bokk
ca jamonoy Yosuwe.
8 Leween ñi ñoo doon Yesuwa ak Binuy
ak Kadmiyel ak Serebya ak Yuda ak
Mataña may jiite jàngi cant ya, mooki
bokkam.
9 Bagbukiya ak Uni ak seeni bokk
janook ñoom ca liggéey ba.
10 Yosuwe, sarxalkat bu mag ba mooy
baayu Yoyakim. Yoyakim di baayu
Elyasib, Elyasib di baayu Yoyada,
11 Yoyada mooy baayu Yonatan, Yonatan
di baayu Yaduwa.
12 Ca jamonoy Yoyakim sarxalkat bu
mag ba, ña jiite woon kër sarxalkat ya ñii
la: Meraya ma bawoo ca waa kër Seraya
ak Anaña bawoo ca waa kër Yeremi,
13 Mesulam bawoo ca waa kër Esra,
Yoxanan bawoo ca waa kër Amarya,
14 Yonatan bawoo ca waa kër Meliku,
Yuusufa bawoo ca waa kër Sebaña,
15 Atna bawoo ca waa kër Arim, Elkay
bawoo ca waa kër Merayot,
16 Sàkkaryaa bawoo ca waa kër Ido,
Mesulam bawoo ca waa kër Gineton,
17 Sikkri bawoo ca waa kër Abya. Mu am
ñu jóge ca waa kër Miñamin. Piltay bawoo
ca waa kër Mowaja,
18 Samwa bawoo ca waa kër Bilga,
Yonatan bawoo ca waa kër Semaya,
19 Matenay bawoo ca waa kër Yoyarib,
Usi bawoo ca waa kër Yedaya,
20 Kalay bawoo ca waa kër Salu, Eber
bawoo ca waa kër Amog,
21 Asabya bawoo ca waa kër Ilkiya,
Netaneel bawoo ca waa kër Yedaya.
22 Ca janti sarxalkat yu mag ya, Elyasib
ak Yoyada ak Yoxanan ak Yaduwa, ku
nekk ak jamonoom, ña jiite woon këri
Leween ña ak sarxalkat ya, bindoon nañu
leen ci biir nguurug Daryus buuru Pers.
23 Ña jiite woon seeni kër baay te
askanoo ci Lewi, ba ca jamonoy Yoxanan
sëtub Elyasib daan nañu leen bind ñoom
ñépp ca téere ba ñu dippee Xew-xew ya.
24 Njiiti Leween ñi ñoo doon: Asabya ak
Serebya ak Yesuwa doomu Kadmiyel,
ñook seen bokk ña ñu daan awanteel làng
ak làng ci jàngi cant, muy la Daawuda
góoru Yàlla ga santaane woon.
25 Mataña ak Bagbukiya ak Abdiyas ak
Mesulam ak Talmon ak Akub ñoo doon
fara bunt ya, di wattu néegi dencukaay ya
ca bunt ya.
26 Ñooñoo fa nekkoon ca jamonoy
Yoyakim doomu Yosuwe. Yosuwe,
Yoccadag mooy baayam. Ñoo fa nekkoon
itam ca jamonoy Neyemi boroom dëkk ba,
ak Esra ma doon sarxalkat, di bindkat.

### *Daloo nañu tata ja*

27 Gannaaw gi, ca xewu daloog tatay
Yerusalem ja, ñu woowe Leween ña
mboolem fa ñu dëkke, indi leen Yerusalem,
ngir ñu màggal daloo ga ci biir mbég ak
jàngi cant; tëggum weñ ya jib, ànd ak xeeti
xalam.
28 Ci biir loolu ñu indi woykat ya ñoom it,
boole leen jële ca diiwaan ba wër
Yerusalem, ca dëkk yu ndaw ya ca Netofa,
29 ak Bet Gilgal ak diiwaani Geba ak
Asmawet. Fekk na woykat ya tabax ay
dëkk yu ndaw fa wër Yerusalem.

30 Ba loolu amee sarxalkat yaak Leween
ña laabal seen bopp, doora laabal
mbooloo ma, ak bunt yaak tata ja.

31 Ci kaw loolu ma yéegloo njiiti Yudeen
ña ca kaw tata ja, daldi sos ñaari kuréeli
woykati cant yu mag. Genn ga di dox ca
kaw tata ja ci wetu ndijoor, wuti buntu
Sën ba.
32 Osaya ma nga topp ca seen gannaaw,
ànd ak genn-wàllu njiiti Yudeen ña,
33 ak Asaryaa ak Esra ak Mesulam,
34 ak Yuda ak Beñamin ak Semaya ak
Yeremi.
35 Lenni sarxalkat yaa nga ca topp aki
liit, di ñi ànd ak Sàkkaryaa doomu Yonatan.
Yonatan, Semaya mooy baayam; Semaya,
Matañа di baayam; Matañа, Mikaya mooy
baayam; Mikaya, Sakur ay baayam;
Sakur, Asaf mooy baayam.
36 Sàkkaryaa ànd aki bokkam, ñuy
Semaya ak Asareel ak Milalay ak Gilalay
ak Maay ak Netaneel ak Yuda ak Anani.
Ña nga yore ay jumtukaayi xumbéen yu
Daawuda, góorug Yàlla ga. Esra bindkat ba
moo leen jiite woon.
37 Ñu dikk ba tollook buntu Bëtu Ndox
ma, janook dëggastal ya jëm ca gox ba ñu
naan Kër Daawuda, fa ñuy yéege jëm ca
tata ja tiim kër Buur Daawuda. Ñu jubal
nag ba ca buntu Ndox ma, ca penku.

38 Ci biir loolu ñaareelu kuréelu woykati
cant ya doxe wetu càmmoñ; man nag, ma
topp ca seen gannaaw ca kaw tata ja, ànd
ak genn-wàllu mbooloo ma. Nu jaare ca
wetu soorooru tata ba ñuy wax Taal ya, ba
fa tata ja yaatoo.
39 Nu romb nag fa tiim buntub Efrayim
ak buntu Cosaan ba ak buntu Jën ya ak
soorooru Ananel, wees soorooru Meya, ba
àgg ca buntu Gàtt ya. Ña nga taxaw ca
buntu Dag ya.
40 Ci kaw loolu ñaari kuréeli woykati
cant ya taxaw ca biir kër Yàlla ga, man
itam ma taxaw, maak genn-wàllu
mbooloom jawriñ ñi ma àndal,
41 ak sarxalkat ya, di Elyakim ak
Maaseya ak Miñamin ak Mikaya ak
Elyonay ak Sàkkaryaa ak Anaña, ñook seeni
liit.
42 Maaseya it a nga ca woon ak Semaya
ak Elasar ak Usi ak Yoxanan ak Malkiya ak
Elam ak Eser. Woykat ya daldi samp,
yékkati woy yi, Israxya jiite leen.
43 Sarxe nañu bésub keroog sarax yu réy
tey bànneexu, ndax Yàllaa leen may
bànneex bu réy. Jigéen ñaak gone ya it di
bànneexu, coowal mbégtey Yerusalem di
dégtu fu sore.
44 Ñu daldi tànn bésub keroog ay nit,
dénk leen néegi dencukaay ya ñuy yeb ay
saraxi njébbal ak saraxi ndoortel meññeef
ak céri fukkeel yu ñuy génne. Ñu war caa
dajale nag cér ya yoon wi dogalal
sarxalkat yeek Leween ñi, te mu jóge ci
tool yi wër dëkk yi. Waa Yuda rafetlu ca
taxawaayu sarxalkat yaak Leween ña.
45 Leween ñaa sàmmoon seen ndénkaaneb
Yàlla ak ndénkaaneb laabal ba. Woykat
yaak fara bunt yaa toppoon la Daawuda
santaane woon, mook doomam
Suleymaan.
46 Te naka jekk ca janti Daawuda ak
Asaf amoon na ay njiiti woykat yuy jiite ay
jàngi màggal ak jàngi cant, ñeel Yàlla.
47 Ci biir loolu, ca janti Sorobabel ak ca
janti Neyemi, askanu Israayil gépp daan
nañu génneel woykat yeek fara bunt yi
seen cér, bés bu nekk it, génneel Leween ñi
seen cér, Leween ñi génneel askanu
Aaróona seen cér.

# 13

*Neyemi sopparñi na*
1 Bésub keroog jàng nañu ci téereb Musaa,
mbooloo ma di dégg. Ñu gis ñu bind ca ne,
muy Amoneen, muy Mowabeen, kenn du
ci bokk ci ndajem bànni Israayil mu ñuy
màggale Yàlla, ba fàww.
2 Li ko waral moo di ñoo bañoona dabe
bànni Israayil aw ñam wu ñu lekk ak ndox
mu ñu naan, xanaa di fey Balaam, jabar
ba, ngir mu rëbbal leen leen. Teewul sunu
Yàlla soppi rëbb ga barke.
3 Naka la mbooloo ma dégg la yoon wa
digle, ñu daldi dàqe Israayil mboolem
askan wu raxe.
4 Lu jiitu loolu nag tabboon nañu
Elyasib, sarxalkat ba, dénk ko sunu néegi

dencukaayi kër Yàlla ga. Mu doonoon
jegeñaaleb Tobya,
5 ba tax Elyasib jël néegu dencukaay bu
yaatu, jox ko Tobya. Néeg booba lañu daan denc saraxi pepp yaak cuuraay yaak ndab yaak céri fukkeel ya, muy bele ak biiñ ak diw, te ndigal sédd ko Leween ñeek woykat yeek fara bunt yi. Foofu it lañu daan denc saraxi njébbal yi ñeel sarxalkat yi.
6 Booba yépp nag nekkuma woon
Yerusalem, ndax fekkoon na ma dellu ca Artaserses buuru Babilon, ca fanweereelu atu nguuram ak ñaar. Toog naa fa lu yàgg, doora ñaan Buur, ba mu yiwiwaat ma.
7 Ba ma àggee Yerusalem, ma yég
tojaange gi Elyasib defal Tobya, jox ko néeg ca biir ëttu kër Yàlla ga.
8 Ma ñaawlu ko lool, daldi boole yëfi
Tobya, génnee néeg ba, sànni.
9 Ci kaw loolu ma santaane ñu laabal
néeg ya, ba noppi ma yebaat ca ndabi kër Yàlla ga ak saraxi pepp yaak cuuraay la.
10 Ma dégg itam ne joxuñu Leween ñi
seeni cér, ba tax ku nekk ci Leween ñaak woykati kër Yàlla ga ne coww ca toolu boppam, bàyyi liggéey bi mu sasoo.
11 Ma ŋàññ jawriñ yi, ne leen: «Ana lu
waral ñuy sàggane kër Yàlla gi?» Ci biir loolu ma woo Leween ñeek woykat yi, ñu daje, ma delloo leen ca seeni liggéey.
12 Ba mu ko defee waa Yuda gépp dellu
di indi ca biir néegi dencukaay ya céri fukkeel ya ñuy génne, di pepp ak biiñ aku diw.
13 Ba loolu amee ma tabb Selemya
sarxalkat ba, ak Cadog bindkat ba, dénk leen dencukaay ya, ñook Pedaya Leween ba; ka leen ciy jàppale di Xanan doomu Sakur. Sakur, Matañа mooy baayam. Ñu doonoon nit ñu ñu ràññee seen màndute, ba sas leen ñuy séddale sarax yi ci seen biir.
14 Rikk sama Yàlla, bàyyee ma lii xel, te
bul far sama jëfi ngor ji ma jëfe ci sama biir kër Yàlla gi ak wareefam ci jaamu Yàlla.
15 Ci fan yooyu ma gis ci Yuda ay nit ñuy
nal reseñ, bésub Noflaay. Mu am ñuy indi ay sabaari pepp yu ñuy sëf ay mbaam, boole ca biiñ ak reseñ ak figg ak lu nekk, di ko yóbbu Yerusalem ci bésub Noflaay. Ma artu leen it ca la ñuy jaay seen yëf yooyu ci boobu bés.
16 Amoon na itam ay waa Tir yu féete
Yerusalem, di fa indi ay jën ak mboolem xeeti njaay, di ko jaay waa Yudaak Yerusalem ci bésub Noflaay.
17 Ma ŋàññ kàngami Yuda, ne leen: «Lu
ñaaw lii ngeen di def nag di teddadil bésub Noflaay?
18 Xanaa du nii la seen maam ya daan
def, ba tax sunu Yàlla wàcce ci sunu kaw musiba mii mépp, wàcce ko ci dëkk bii, yeen ngeen di wooti sànjum Yàlla ci kaw Israayil, di teddadil bésub Noflaay?»

19 Ci kaw loolu, balaa bésub Noflaay biy
duggsi, bu bunti Yerusalem tàmbalee keppaaral ci ngoon si rekk, ma santaane ñu tëj, baña ubbeeti, ba bésub Noflaay bi wees. Ci biir loolu ma tànn ci samay nit, taxawal leen ca bunt ya, ngir ñu baña dugal ay sëf ci bésub Noflaay.
20 Ba mu ko defee jula yu mag yaak ñay
jaayaatu lu nekk, lal benn yoon ba ñaar ca biti.
21 Ma artu leen, ne leen: «Ana lu waral
ngeen di lal ci taatu tatay dëkk bi? Bu ngeen ko defatee, dinaa leen teg loxo!» Booba lañu noppee dikk bésub Noflaay.
22 Ma sant it Leween ñi ñu laabal seen
bopp te dem wattuji bunt ya, ngir sellal bésub Noflaay bi.

Ngalla sama Yàlla, bàyyee ma lii xel itam te yërëme ma sa ngor lu bare.

23 Ma gisati ci jamono yooyu ay Yudeen
ñu jël jabar ci waa Asdodd ak Amon ak Mowab.
24 Seen genn-wàlli njaboot di làkk
asdodd, ña ca des di làkk leneen ci làmmiñi doxandéem yi, te kenn ci ñoom manula wax yawut.
25 Ma ŋàññ leen, móolu leen, dóor ñenn
ci ñoom, xuuf seen kawar, giñloo leen ci Yàlla ne dootuñu may seen doom yu jigéen ay doxandéem te dootuñu ci jëlal jabar seeni doom mbaa seen bopp.
26 Ma ne leen: «Xanaa du nii la
Suleymaan buurub Israayil bàkkaare woon? Li xeet yiy bare lépp amul benn buur bu meloon ni moom. Ku Yàllaam soppoon la te Yàllaa ko faloon buurub Israayil gépp. Waaye moom sax jigéeni doxandéem yi bàkkaarloo nañu ko.

27 Bëggatunoo dégg ngeen di def gii
ñaawtéef gu réy, bay ñàkke sunu Yàlla
kóllëre, di jël ay doxandéem jabar.»
28 Fekk na sax kenn ci doomi Yoyada
doomu sarxalkat bu mag ba Elyasib, jël
doomu Sanbalat mu Oron. Teewul ma dàq
waa ji, mu daw ba sore ma.
29 Ngalla sama Yàlla, bàyyil xel mbugal
mu ñeel ñii teddadil liggéeyu sarxalkat yi,
fecci kóllëre gi nga fas ak sarxalkat yi ak
xeetu Leween yi.
30 Ma laabal leen nag, ñu teqalikook lu
bokk cig ndoxandéem, ba noppi sas
sarxalkat yeek Leween ñi, ku nekk ca
liggéeyam.
31 Ma dekkal saraxu matt yi ñu wara
joxe bu àppam jotee, ak saraxi ndoortel
meññeef mi.

Ngalla sama Yàlla, bàyyee ma lii xel ngir
ngëneel.

# Esteer

Téereb *Esteer* moo indi ni bànni Israayil xawee sànku ca réewum Pers ga mu nekkoon ngàllo, ak ni sennas ndawu bànni Israayil jaaye bakkanam ba musal ay bokkam. Kooku mooy Esteer, mook ki ko yaroon te di doomu baayam bu ndaw, ñu di ko wax Mardose.

Jenn jawriñu buur ju ñuy wax Aman lal pexem faagaagal képp ku bokk ci bànni Israayil. Aman, Amalegeen la, te xeetam moo njëkka song bànni Israayil, gannaaw bi ñu génnee Misra. (Seetal ci *Mucc ga* 17.8-16). Pexem Aman nag, bu matoon, manoon naa faagaagal askan wi Almasi bi wara soqikoo. Waaye yéeneem moo këppu ci kawam.

Turu Yàlla Aji Sax ji fésul ci téere bii, waaye day wone ne Aji Sax ji moo am sañ-sañ ci bépp xew-xew. Bés bu rafet bi ñuy wax Purim ci aaday bànni Israayil, ci lañuy baaxantale mucc gu yéeme googu leen Yàlla dikke.

Ci tënk:

1.1—2.23 Esteer falu na Lingeer.

3.1—4.3 Aman lal na pexem faagaagal bànni Israayil.

4.4—7.10 Esteer lal na pexem musal bànni Israayil.

8.1—10.3 Lu jëm ci muccug bànni Israayil, ak bésub Purim.

### *Buur Aserus a ngi xawaare*

1 Lii mu ngi amoon ci jamonoy Aserus*.
Mooy Aserus ma falu woon, jiite téeméeri
diiwaan ak ñaar fukk ak juróom ñaar (127),
dale ko ca réewum End, ba ca réewum Kuus.
2 Jamono yooyu Buur Aserus moo
toogoon ca jal ba ca Sus, péey ba†.
3 Ci ñetteelu atu nguuram mu maye
bernde, ñeel kàngamam yépp ak jawriñam
yépp, di njiiti xarey diiwaanu Pers ak
diiwaanu Medd, garmi yeek kàngami dëkk
yi bokk teew.
4 Ci diir bu takku, tollook téeméeri fan ak
juróom ñett fukk (180), mu di leen won
alalu nguuram ju yéeme ak dayoom ak
darajaam ju réy.
5 Ba fan yooyu matee, buur ba maye
berndey juróom ñaari fan ci biir tóokëram,
ñeel mboolem ña nekkoon ca péey ba ñuy
wax Sus, dale ko ca ka gëna màgg ba ka ca
gëna néew daraja.
6 Ay ndimoy lẽe yu weex ak yu baxaa
nga wékke ca buumi lẽe yu weex ak yu
xonq curr, takke ci ay jaaroy xaalis yu
wewe ci ay jën yu ñu tabaxe doju màrb. Ay
lali wurus ak xaalis a nga tege fa suuf sa
ñu dëre doj yu gànjare: yu màrb ak yu pere
ak yu ñuul.
7 Ña ngay maye naan ci ay kaasi wurus,
bu ci nekk wuuteek moroom ma na mu
bindoo. Biiñu buur di walangaan ni mu
ware buur.
8 Kenn gawuloon kenn nag ci naan gi,
ndax Buur joxoon na ndigal farbay këram
yépp, ne leen ñu topp ku nekk ci
coobareem.
9 Ci biir loolu Lingeer Wasti moom it
maye bernde ñeel jigéeni kër Buur Aserus.
10 Keroog bésub juróom ñaareel ba, Buur
Aserus naan biiñ, ba xolam sedd, mu sant
juróom ñaari bëkk-néegam‡: Meyuman ak
Bista ak Arbona ak Bigta ak Abagta ak
Setar ak Karkas, ne leen
11 ñu indil ko Lingeer Wasti, mu solu,
solaale mbaxanam lingeeram, ngir won
taaram ba mbooloo maak kàngam ya,
ndax jigéen ju rafet la woon.
12 Teewul ba bëkk-néeg ya yeggee
Lingeer Wasti ndigalal Buur, mu lànk, ne
du ñëw. Buur nag mer lool, ba xol bay bax.
13 Booba mboolem mbirum buur,
xamkati jamono ya ci wàllu yoon ak àtteb
yoon lees koy diis.
14 Ña ca gënoona jege Buur ñoo doon
Karsena ak Setar ak Admata ak Tarsis ak
Meres ak Marsena ak Memukan, ñuy
juróom ñaari kàngami diiwaani Pers ak
Medd, te di bokk ak Buur jataay te gëna
kawe ca nguur ga.
15 Mu ne leen: «Ci yoon, ana lu war ci
Lingeer Wasti, gannaaw déggul ndigal li
ma joxe, man, Buur Aserus, samay
bëkk-néeg jottali ko ko?»

* **1.1** ***Aserus*** dees na ko woowe Serses itam. † **1.2** ***Sus, péey ba,*** walla *Sus dëkk ba ñu dàbbali.* ‡ **1.10** ***bëkk-néeg*** yooyu, ay jaam yu ñu tàpp lañuy doon.

16 Memukan wax ca kanam Buur ak
kàngam ya, ne leen: «Du Buur doŋŋ la
Lingeer Wasti tooñ. Waaye tooñ na
mboolem kàngam yi ak mboolem
baadoolo yi ci mboolem diiwaan yi.
17 Ndaxte jëfi lingeer jii dina yegg ci
noppi jigéen ñépp, ba tax ñuy sofental seen
jëkkër. Ndax dañu naan: "Xanaa Buur
Aserus woowul Lingeer Wasti, mu lànk, ne
du ñëw"?
18 Li ko dale bésub tey, kuy garmi bu
jigéen ci Pers ak Medd, bu déggee jëfi
lingeer jii, noonu lay waxeek mboolem
kàngami buur, mu indi yabeel ak réeroo bu
dul jeex.
19 Kon nag Buur, ndegam soob na la, na
ab dogal tukkee fi yaw, ñu bind ko ci
ndigali yooni Pers ak Medd yi dul toxu, di
xamle ne Wasti dootul jàkkaarlooteek Buur
Aserus. Te nag Buur, dangay nangu céru
lingeeram, jox ko moroomam mu ko gën.
20 Su ko defee bu ñu yéenee dogalu buur
bi ci mboolem déndu buur bu yaatu bii,
jigéen ñépp dinañu weg seen jëkkër, dale
ko ci boroom daraja ba ci baadoolo bi.»
21 Loola nag neex Buur ak kàngam ya.
Buur daldi def la ko Memukan wax.
22 Ba mu ko defee mu yónnee ay
bataaxal fépp ca réew ma, diiwaan bu
nekk ak mbindum boppam, waaso wu
nekk it ci làkku boppam. Mu biralal waaso
wu nekk ci làkku boppam, ne leen na góor
gu nekk doon kilifay këram.

# 2

## *Buur Aserus wutal na Wasti kuutaay*

1 Gannaaw ba mbir yooyu amee, ba
merum Buur Aserus giif, xelam dem ca
Wasti ak la mu def ak la mu dogal ca
moom.
2 Ba loolu amee surgay buur yi koy
toppatoo ne ko: «Nañu la seetal ci janq ju
rafet ji.
3 Buur, dangay yónnee ay ndaw ci sa
mboolem diiwaani réew mi, ñu dajaleel la
mboolem janq ju rafet ji, indi leen fii ci
Sus, péey bi, dugal leen ci kër jigéen ñi, ñu
teg leen ci loxol Ege, sa bëkk-néeg biy
wattu jigéen ñi. Ñu jox leen lu ñuy defaroo
ba rafet.
4 Su ko defee nag Buur, janq bu la ci
neex doon lingeer, wuutu Wasti.» Buur
rafetlu la ñu wax, daldi def noona.
5 Fekk na jenn waayi Yawut a ngi ci Sus,
péey ba. Ma nga tudd Mardose. Yayir di
baayam. Yayir, Simey di baayam. Simey,
Kis ay baayam, bokk ci giirug Beñamin.
6 Mu askanoo ca ña ñu jële woon
Yerusalem, gàddaayloo leen, boole leen ak
Yekoña* buurub Yuda, moom mi
Nebukatnecar buuru Babilon def jaam.
7 Mardose yoroon ku ñuy wax Adasa ci
làkku ebrë, muy Esteer ba tey, di doomu
baayam bu ndaw, ndax amuloon ndey,
amuloon baay. Xale bi nag rafet, jekk
bind. Ba ndeyam ak baayam deewee,
Mardosee ko jël, yar ko ni doomam.
8 Gannaaw ba ñu yéenee ndigalu Buur
ak dogalam ba, ñu dajale janq ju bare ca
Sus, péey ba, teg leen ca loxol Ege. Noonu
lañu indaalee Esteer, ba ca kër buur, teg
ko ci loxol Ege may wattu jigéen ña.
9 Xale bi neex Ege, mu baaxe ko, gaaw
indil ko lu mu defaroo, nàddil ko ag
lekkam, féetale ko juróom ñaari surga yu
jigéen yu ñu tànne kër buur. Ci kaw loolu
mu dalal Esteer mooki surgaam fa gën ca
kër jigéen ña.
10 Fekk na Esteer waxul dara askan wa
mu bokk ak kër ga mu fekk baax, ndax
Mardose da koo santoon ne ko bumu ko
ŋaaŋ.
11 Bés bu nekk nag Mardose doxantoo fa
kanam kër jigéen ña, ngir xam lu Esteer
nekke ak nu ñu def ak moom.
12 Booba bala ayu kenn ci xale yu jigéen
ñiy agsi, ba muy dem ca Buur Aserus, day
fekk mu matal fukki weer ak ñaar yi ñu
àppal jigéen ñi, ngir ñu yokk ci seen taar.
Juróom benni weer yi, ñu di leen diw
ndàbb lu ñuy wax miir; juróom benni weer
yi ci des, ñu di leen diw ay diw yu xeeñ ak
yeneen yu jigéen ñiy defaroo.
13 Ni ndaw siy deme ca Buur nag nii la.
Mboolem lu mu bëgg, dees ko koy jox, mu
jële ko ca kër jigéen ña, yóbbaale kër buur.
14 Bu ngoonee mu dem ca Buur, bu bët
setee mu dellu kër jigéen ña, ca geneen
wàlla ci njiital Saasgas, muy bëkk-néeg bay

* **2.6** ***Yekoña*** ak Yoyakin, kenn ki la.

wattu nekkaaley buur. Su ko defee ndaw sa du ayeeti lu dul mu neex Buur, ba mu ne woolleen ma diw.
15 Ba loolu amee muy ayu Esteer doomu Abixayil, baayu Mardose bu ndaw, janq ba mu yaral boppam ni doomam. Mu wara dem ca Buur, te laajul dara lu moy la ko Ege bëkk-néegu buur bay wattu jigéen ña, sant. Mboolem ku gis Esteer nag, xool ko bëtu yiw.
16 Ñu yóbbu Esteer ca Buur Aserus, ca biir këram, ca fukkeelu weer wa ñuy wax Tebet, ca juróom ñaareelu atu nguuram.
17 Ci kaw loolu Buur gëna bëgg Esteer ci jigéen ñépp. Mu gëna baaxe Esteer, gën koo sopp janq jépp. Ba mu ko defee mu solal ko mbaxanam lingeer, fal ko lingeer, mu wuutu Wasti.
18 Buur def bernde ju réy ngir mboolemi kàngamam aki jawriñam, terale ko Esteer; daldi noppal diiwaan yi, teg ca nàddil nit ñi ni mu ware buur.
19 Ba ñu dajalewaatee janq ja ñaareel bi yoon, fekk na Mardose am ndombol tànk ca buntu kër buur.
20 Booba Esteer waxul ba tey fa mu fekk baax ak fa mu bokk, muy la ko Mardose santoon. Esteer wéye topp ndigali Mardose rekk, mel ni ba mu ko yoree ca këram.

## *Pexe moy na*

21 Jamono yooyu Mardose amee ndombol tànk ca buntu kër buur, ku ñuy wax Bigtan ak ku ñuy wax Teres, di ñaari fara buntu kër buur, ñoo am lu ñu meree lool Buur Aserus, bay lal pexe mu ñu ko bóome.
22 Teewul Mardose yég pexe ma, wax ko Lingeer Esteer, mu yegge ko Buur, ci turu Mardose.
23 Ba ñu seetloo mbir ma ba muy dëgg, dañu leena wékk ñoom ñaar ci bant†. Bindees na ko ci teewaayu Buur ci téere ba ñu dippee Xew-xew ya.

# 3

## *Pexem sànk Yawut yi lale na*

1 Gannaaw ba xew-xew yooyu jàllee, Buur Aserus teral ku ñuy wax Aman doomu Amdeta mi askanoo ci Agag*, yékkati ko, teg ko ci kaw mboolem kàngam yi ci wetam.
2 Mboolem jawriñi buur yi féete buntu kër buur nag di sukkal Aman, di ko sujjóotal, ndax loolu la Buur santaane woon ci moom. Teewul Mardose lànk, sukkalu ko, sujjóotalu ko.
3 Yeneen jawriñi buur ya ca buntu kër buur wax Mardose ne ko: «Ana lu waral ngay gàntal santaane Buur?»
4 Ñu di ko ko wax bés bu jot, mu lànk, déggalu leen. Ñu wax ko Aman, di seet ba xam ndax la Mardose wax dina ca mujj. Fekk na mu wax leen ne moom Yawut la.
5 Ba Aman gisee ne Mardose du ko sukkal, du ko sujjóotal, daa mer ba fees dell.
6 Teewul mu siide fexeel Mardose doŋŋ, ndax booba waxoon nañu ko askan wi Mardose bokk. Ba loolu amee Aman di wuta sànk mboolem Yawut yi nekk ci mboolem réewum Aserus, di bokki Mardose.
7 Ca fukkeelu at maak ñaar ci nguurug Buur Aserus, ca weer wa jiitu, di weeru Nisan, ñu sànni ci kanam Aman jumtukaayu tegtal bi ñuy wax Pur, ngir seet bés bu baax ak weer wa, ci pexe ya mu nas. Ñu seet, mu yemook weeru Adar, di fukkeelu weer waak ñaar.
8 Aman wax Buur Aserus ne ko: «Aw xeet a ngi fi, tasaaroo ci biir xeet yi, jaxasoo ci seen biir, ci mboolem sa diiwaani réew mi. Seeni aada daa wuuteek yu xeet yépp; yoon yi Buur tëral, duñu ko jëfe, te jaaduwul ci Buur mu di leen seetaan.
9 Ndegam neex na la, Buur, bindal ab dogal bu leen sànklu. Kon ñetti junniy barigoy xaalis ak ñeenti téeméer (3 400) laay teg ci loxoy saytukat yi, ñu yeb ko ci dencu buur.»
10 Ba mu ko defee Buur tekki jaarob torlukaayam ci baaraamam, jox ko Aman doomu Amdeta ma askanoo ca Agag, noonub Yawut ya.

---

† **2.23** Jombul dañu leen daan rey ba noppi wékk seeni néew ci bant. * **3.1** ***Agag:*** Amalegeen ñi Buur Agag askanoo, ñook bànni Israayil, seenug noonoo cosaan la. Seetal ci *Mucc ga* 17.8-16; *1.Samiyel* saar 15.

11 Buur ne Aman: «Xaalis bi téye ko, te
xeet woowu nga def leen li la soob.»
12 Gannaaw loolu ñu woolu bindkati
buur ca weer wa njëkk ca at ma, yemook
fukki fan ak ñett. Ñu bind ci mbindinu
diiwaan bu nekk ak ci làkku xeet wu nekk
mboolem lu Aman digle, mu jëm ca
jawriñi buur ak boroom dëkk yaak
kàngami xeetoo xeet. Ci turu Aserus lañu
bind bataaxal yi, tay ko, mu ànd ak torlub
buur.
13 Ñu daldi koy yónnee, ay ndaw yóbbu ko
ca mboolem diiwaani buur, ngir ñu sànk
mboolem Yawut yi, rey leen, faagaagal
leen, mag ak ndaw ba ca tuut-tànk yaak
jigéen ña ci benn bés, mu yemook fukki fan
ak ñett ci weeru Adar, di fukkeelu weer
waak ñaar. Seen alal it, ñu war koo lël.
14 Ba loolu amee ñu sotti dogal ba ñu
bind, def ko ndigalu yoon, siiwal ko ci
mboolem diiwaan, xamal ko xeet yépp,
ngir ñu séentu bés booba.
15 Ndaw ya gaaw dem ci ndigalal buur,
ñu biral dogal ba ca Sus, péey ba. Buur a
nga toog ak Aman, di naan, waa Sus nekk
ci njàqare.

# 4

*Mardose lal na pexem mucc*

1 Ba Mardose yégee la ñu def lépp, daa
xottiy yéreem, sol ay saaku, sottikoo
dóomu-taal, di ko ñaawloo, dugg ci biir dëkk
bi, di yuuxu yuux gu réy te metti.
2 Mu dem ba ca buntu kër buur, yem fa
ndax deesul dugge kër buur yérey saaku.
3 Ci biir loolu mboolem diiwaani réew
mi, fépp fu dogalu buur ak ndigalam àgg,
muy ñaawlu gu réy ca Yawut ya. Ñu boole
kook koor aki jooy aki yuux. Ñu bare sol
ay saaku, sottikoo dóom, di ko toroxloo.
4 Ba surgay Esteer yu jigéen yaak
bëkk-néegam yu góor ya dikkee wax ko
Esteer, tiislu na ko lool, daldi yónnee
Mardose ay yére, ngir mu summi saaku ya
mu sol. Waaye Mardose nanguwul.
5 Esteer woolu Atakk ma Buur féetaleek
moom, te muy kenn ci bëkk-néegi buur.
Mu yebal ko ci Mardose, ngir xam lan la
ak lu waral loolu.
6 Atakk dem ba ca Mardose, ca pénc ma
janook buntu kër buur.
7 Mardose wax ko mboolem la ko dal ak
dayob xaalis ba Aman digee fey, nar koo
def ca denci buur ngir mana sànk Yawut
yi.
8 Mu jël sottib mbindum dogal ba ñu
yéene ca Sus ne dinañu leen faagaagal,
daldi ko koy jox, ngir mu won ko Esteer,
xamal ko ko, ne ko mu gaaw dem ca Buur,
ñaanal ko ko, tinul ko aw xeetam.
9 Atakk dellu ca Esteer, yegge ko kàdduy
Mardose.
10 Esteer ne Atakk mu dem wax
Mardose, ne ko:
11 «Mboolem surgay buur ak waa
diiwaani buur xam nañu ne yoon a toppe
àtteb dee képp ku dugg kër buur, ba ci ëttu
biiram, muy góor mbaa jigéen, te
wooweesu la. Xanaa ku Buur tàllal yetu
wurus wiy màndargaal nguuram. Man nag
fanweeri fan a ngii wooweesu ma fa
Buur.»
12 Ñu yegge Mardose kàdduy Esteer;
13 Mardose dellu yónnee ne ko: «Ãay! Yaa
ngi kër buur de! Waaye bul defe ne man
ngaa mucc, yaw doŋŋ, ci mboolem Yawut
yi.
14 Ndax soo ci selaŋloo ba selaŋlu ci tey
jii it, wall ak xettal dina bawoo feneen ñeel
Yawut yi, waaye yaw yaak sa waa kër
baay dingeen sànku. Li nga dugg ci nguur
gi sax, nga defe ne neen la? Jombul
diggante bii nu tollu tey moo ko waral.»
15 Esteer dellu yónnee ca Mardose, ne ko:
16 «Demal woo mboolem Yawut yi, ci Sus,
ñu daje. Te ngeen wooral ma: buleen lekk,
buleen naan diiru ñetti fan, du guddi, du
bëccëg. Man it maak sama surga yu jigéen,
nu woore noonu. Su ko defee ma dem ca
Buur doonte yoon nanguwu ko. Su ma
dee dee, ma dee rekk.»
17 Mardose nag dem, def la ko Esteer
sant lépp.

# 5

*Esteer woote na bernde*

1 Ba mu amee ñetti fan Esteer sol yérey
lingeer, taxaw fa janook kër buur ca ëttu
biiram, fekk Buur toog ca ngànguneem, ca
biir néegam, janook buntu kër ga.
2 Ba mu ko defee Buur gis Lingeer
Esteer, mu taxaw ca biir ëtt ba. Mu baaxe

ko, daldi koy tàllal yetu wurus wa muy
màndargaale nguuram. Esteer jegesi, laal
boppu yet wa, di ko ko sante.
3 Buur ne ko: «Lingeer Esteer, lan la, ak
looy sàkku? Su doon genn-wàllu nguur gi
sax, dees na la ko jox!»
4 Esteer ne ko: «Ngalla Buur, bu la
soobee, ñëwal yaak Aman ci bernde ji may
woote tey.»
5 Buur ne: «Woolleen ma Aman léegi, nu
defal Esteer li muy ñaan.» Ba loolu amee
Buur ànd ak Aman dem ca bernde ja
Esteer woote.
6 Naka lañuy naan biiñ, Buur ne Esteer:
«Ana looy laaj, ñu jox la ko, ana looy sàkku,
ba ci genn-wàllu réew mi, ñu defal la ko.»
7 Esteer wax ko ne ko: «Li may ñaan, di
ko sàkku de,
8 Buur, ndegam yéwéne nga ma, te may
ma li may ñaan, defal ma li may sàkku di sa
coobare, ngalla, Buur, àndal ak Aman,
dikk ca bernde ja ma leen di waajalal. Kon
bu subaa dinaa la wax li ngay laaj.»

### *Aman jógal na Mardose*

9 Aman a ngay génn di dem, bésub
keroog ànd ak mbégte, xol bay neex. Ba
mu gisee Mardose ca buntu kër buur nag,
te Mardose jógul, amul benn tiitaange ci
moom, daa mer ba fees dell.
10 Terewul Aman ànd ak sagoom, ñibbi
këram. Ci kaw loolu mu yónnee, woolu ay
xaritam ak Seres jabaram.
11 Ba loolu amee Aman di leen limal
alalam ju bare ak doomam yu góor yu
bare ak mboolem ni ko Buur terale,
yékkati ko, mu gëna kawe ci kàngami buur
aki jawriñam.
12 Aman teg ca ne: «Te kat amul ku
Lingeer Esteer woo, mu wara ànd ak Buur
ca bernde ja muy def, ku moy man. Ëllëg
man la woo maak Buur.
13 Waaye loolu lépp doyu ma, li feek maa
ngi gis benn yoon Mardose, Yawut bi, mu
toog ca buntu kër buur.»
14 Seres jabaram ak xaritam ya yépp ne
ko: «Dangay defarlu bant bu am
taxawaayu ñaar fukki meetar ak juróom.
Bu subaa nga ne Buur ñu wékk ci Mardose,
ba noppi nga ànd ak Buur ca bernde ja, sa
xol sedd.» Aman nag rafetlu xel ma, ba
defarlu bant ba.

# 6

### *Aman am na mbetteel*

1 Guddig keroog Buur tëlee nelaw, daldi
santaane ñu indil ko téere ba ñu dippee
Xew-xew ya. Ci kaw loolu ñu di ko jàngal
Buur.
2 Ca lañu gis ñu bind ca ne Mardose moo
boole woon Bigtan ak Teres, ñaari fara
buntu kër buur ya laloon pexe ngir bóom
Buur Aserus*.
3 Buur ne: «Ana teraangaak njukkal lu
ñu defal Mardose ci lii?» Surga ya ne ko:
«Dara.»
4 Buur ne: «Ku nekk ci ëtt bi?» Mu
yemook Aman duggsi ci ëttu buur, ba féete
biti, ngir waxsi ko, ne ko ñu wékk Mardose
ca bant ba mu ko waajalal.
5 Surga ya ne ko: «Aman déy a taxaw ci
ëtt bi.» Buur ne: «Na agsi!»
6 Aman duggsi, Buur ne ko: «Ana lees di
defal waa ju Buur namma teral a waay?»
Booba Aman a nga naan ca xel ma: «Ana
ku Buur namma teral ku dul man mii?»
7 Mu ne Buur: «Waa ji Buur namma teral
déy,
8 nañu ko indil mbubbum buur mu
Buur masa sol ak fas wu Buur masa war,
ñu solal fas wi mbaxanam nguur.
9 Nañu jox mbubb meek fas wi kenn ci ñi
gëna màgg ci jawriñi buur. Ñu solal waa ji
Buur namma teral, waral ko fas wi, wërale
ko pénc mi, ñu jiitu ko, di yéene naan: “Lii
lees di defal waa ju Buur namma teral!”»
10 Buur ne Aman: «Doxal jël mbubb
meek fas wi, li nga wax rekk, te nga defal
ko Mardose, Yawut biy toog ca buntu kër
buur. Bul bàyyi dara ci mboolem li nga
wax.»
11 Ci kaw loolu Aman jëli mbubb maak
fas wa, solal Mardose, waral ko, jiitu ko, di
ko wëral pénc mi, tey yéene naan: «Lii lees
di defal waa ju Buur namma teral!»
12 Gannaaw loolu Mardose dellu ca
buntu kër buur. Aman nag muuru, daw
ñibbi këram, ànd aku naqar.
13 Ba mu ko defee Aman nettali Seres
jabaram ak ay xaritam la ko dal lépp. Ña
koy xelal ak jabaram bokk ne ko: «Mardose

* **6.2** Seetal ci 2.21-23.

mii nga tàmbalee torox ci kanamam,
ndegam ab Yawut la de, du lenn loo koy
manal. Dangay xala daanu rekk ci
kanamam.»
14 Naka lañuy wax ak moom, ndawi
buur ne jalañ, daldi gaaw yóbbu Aman ca
bernde ja Esteer di waajal.

# 7

## *Yéene néeg la*

1 Ba loolu amee Buur ànd ak Aman dem
ca berndey Lingeer Esteer.
2 Ñu dem bay naan biiñ ca bésub ñaareel
booba, Buur dellu ne: «Lingeer Esteer, ana
looy ñaan, ñu may la ko. Looy sàkku? Ba ci
genn-wàllu réew mi sax, ñu defal la ko.»
3 Lingeer Esteer àddu ne ko: «Buur,
ndegam xool nga ma bëtu yiw te neex na
la, may ma, ma mucc maak samaw xeet;
moom laay ñaan te moom laay sàkku.
4 Ndax dañu noo fexeel maak samaw
xeet, nar noo sànk, bóom nu, faagaagal nu.
Su doon ay jaam yu góor ak yu jigéen sax
lañu nuy fexee def, dama naan cell, ndax
njàqare ju ni tollu sax jarul ñuy lëjal Buur.»
5 Buur Aserus wax ak Lingeer Esteer ne
ko: «Kooku ku mu? Ana kuy mébét loolu,
nar koo def?»
6 Esteer ne ko: «Waa ji nuy fexeel, di bañ,
dib noon de, Aman mu bon mii la!»
Aman nag tiit lool fa kanam Buur ak
Lingeer.
7 Buur ne ñokket, mer ba fees, bàyyi fa
biiñ ba, dugg ca biir tóokëram. Aman
moom, des fa, di tinu Lingeer Esteer ngir
bakkanu boppam, ndax booba xam na ne
su ci Buur desee rekk, njekkaram taxaw
na.
8 Ci kaw loolu Buur bàyyikoo ca tóokër
ba, délsi ca ëttu bernde ja, fekk Aman di
sukk ca kaw lal ba Esteer tëdd. Buur ne:
«Ãa! Ba ci yekktaan Lingeer nag, te ma
nekk ci biir kër gi?» Naka la kàddu ga jibe
ca gémmiñu Buur, ñu muur kanamu
Aman, màndargaale ko àtteb deewam.
9 Ci biir loolu Arbona kenn ci bëkk-néegi
buur ne: «Te kat bant bu ëpp ñaar fukki
meetar ak juróom a nga sampe ca wetu kër
Aman, di xaar Mardose mi waxoon jàmmi
Buur.» Buur ne: «Wékkleen ko ca!»
10 Ba mu ko defee ñu wékk Aman ca bant
ba mu waajaloon Mardose. Merum Buur
doora giif.

# 8

## *Mardose falu, Yawut ya mucc*

1 Gannaaw loolu Buur Aserus jox bésub
keroog Lingeer Esteer kër Aman,
fitnaalkatu Yawut ya. Ñu woo Mardose ca
Buur, ndax fekk na Esteer xamle ba noppi
na Mardose bokkeek moom.
2 Buur nag tekki jaarob torlukaayam ba
mu nangoo ca Aman, jox ko Mardose.
Esteer daldi teg kër Aman ci loxol
Mardose, mu di ko saytu.
3 Esteer daldi dellu wax ak Buur, ne
gurub cay tànkam, jooy, tinu ko, ne ko mu
fanq musiba mi Aman Agageen ba sooke
ak pexe mi mu lalaloon Yawut yi.
4 Ci kaw loolu Buur tàllal Esteer yetu
wurus wa, Esteer jóg taxaw ca kanam
Buur.
5 Mu ne: «Buur, ndegam neex na la, te
xool nga ma bëtu yiw, ndegam jaadu na ci
yaw, te ma saf la, bindlul ndigal luy
neenal bataaxal yi sosoo ci Aman Agageen
ba, doomu Amdeta. Mu bindoon ko ngir
faagaagal Yawut yi ci mboolem diiwaani
buur.
6 Ana nu ma mana seetaane musiba di
dal samaw xeet ak nu ma mana seetaane
ñuy sànk samay bokk?»
7 Buur Aserus wax ak Lingeer Esteer ak
Mardose Yawut ba, ne leen: «Ma ne, kër
Aman jox naa ko Esteer; Aman, ma wékklu
ko ca bant ba, ndax li mu dal ci kaw Yawut
yi.
8 Yeen ci seen wàllu bopp nag, bindleen
ci Yawut yi lu leen soob ci sama tur, man
Buur. Tayleen ko, torloo ko sama jaaro.
Ndax mbind mu ñu bind ci turu Buur, tay
ko, torloo ko jaarob buur, maneesu koo
toxal.»
9 Ci kaw loolu ñu woo bindkati buur ca
bés ba, di ñaar fukki fan ak ñett ca weeru
Siwan, ñetteelu weer wa. Ñu daldi bind
mboolem lu Mardose santaane, ca
mbirum Yawut yaak jawriñ yaak boroom
dëkk yaak kàngami diiwaan ya, dale ko ca
End ba ca Kuus. Muy téeméeri diiwaan ak
ñaar fukk ak juróom ñaar (127). Ñu bind
ndigal ya ci mbindum diiwaan bu nekk ak

ci làkku xeet wu nekk, Yawut ya it ak seen mbindu bopp ak seen làkku bopp.
10 Mardose bind ci turu Buur Aserus, tay bataaxal yi, torloo ko jaarob buur, yóbbante ko ay gawar yu war naaru-góor yu gaaw, di yu ñu tànn ci fasi buur.
11 Ñu bind ca bataaxal ya, ne Buur may na Yawut yi ci dëkkoo dëkk sañ-sañu taxawandoo, aar seen bopp. Sañ nañoo tas mbooloo mu leen mana song, ak xeet wu ñu bokk mbaa diiwaan bu ñu bawoo. Nañu sànk woowu xeet, rey leen, faagaagal leen ñook seeni jabar ak seeni doom, boole ca lël seen alal.
12 Bés ba ñu mayee loolu ci mboolem diiwaani Buur Aserus di fukki fan ak ñett ci weeru Adar, fukkeelu weer waak ñaar.
13 Ñu wara siiwal ab sottib bataaxal ba, muy ndigalu yoon ci diiwaanoo diiwaan, biralal ko mboolem xeet yi, ngir bésub keroog Yawut yi taxaw temm, feyoonteek seeni noon.
14 Ndaw ya war naaru-góor di fasi buur, ñu sàqi, gaaw, rëpptal ci ndigalu buur. Ñu siiwal nag dogal ba ca Sus, péey ba.
15 Ba mu ko defee Mardose bàyyikoo ca Buur; ma nga sol yérey buur, baxa ak weex, ak mbaxanam buur mu wurus mu réy ak mbubbum lẽe mu xonq curr. Dëkku Sus baa ngay riire mbégteek bànneex.
16 Kanami Yawut yaa nga ne ràññ ci biir mbégteek bànneex akub sag.
17 Mboolem diiwaan mbaa dëkk bu mag bu dogalu buur ba àgg, def ko ndigalu yoon, muy mbégteek bànneex ca Yawut ya; ñu def ko bés bu rafet, di xawaare. Bare na sax ñu bokk ci xeeti réew ma, ñu walbatiku dugg ci diiney Yawut ndax ragal Yawut ya.

# 9

*Yawut yaa man*

1 Gannaaw loolu fukki fan ak ñett ci weeru Adar, fukkeelu weer waak ñaar taxaw, ñu war caa amal dogalu buur ba. Muy bés ba nooni Yawut ya yaakaaroona jekku Yawut ya. Mbir ya nag mujj safaanoo, Yawut ya jekku seeni bañ.
2 Yawut ya daje ca seen biiri dëkk ca mboolem diiwaani Buur Aserus, ngir dal ci kaw ñi leen di wuta lor. Amul ku leen mana të ci xeet yépp, ndax tiitaange ju réy lu ñu am ci ñoom.
3 Ci biir loolu mboolem kàngami diiwaan yaak jawriñ yaak boroom dëkk yaak saytukati buur ba, ñoom ñépp di dimbali Yawut yi ndax tiitaange ju ñu am ci Mardose.
4 Mardose nag am daraja lool ci biir kër buur, bayreem dajal diiwaan yépp, muy gën di am doole.
5 Ba loolu amee Yawut ya di faat seen noon yépp, saamar yay dal, ñu di leen bóom aka faagaagal. Ñuy def seeni bañ lu leen neex.
6 Ca biir Sus, péey ba, Yawut ya bóom nañu fa juróomi téeméeri (500) nit, sànk leen.
7 Ñu bóom Parsandata ak Dalfon ak Aspata
8 ak Porata ak Adalya ak Aridata
9 ak Parmasta ak Arisay ak Ariday ak Waysata.
10 Ñuy fukki góor, di doomi Aman doomu Amdeta, fitnaalkatu Yawut ya. Bóom nañu leen, waaye seen loxo laalul alal ja.
11 Bésub keroog ñu yegge Buur limu nit ña ñu rey ca Sus, péey ba.
12 Buur ne Lingeer Esteer: «Biir Sus, péey bii, Yawut yi rey nañu ci juróomi téeméeri (500) nit, reyaale fukki doomi Aman yu góor. Kon diiwaani buur yi ci des xawma nu ñu def ak ñoom. Ana looy ñaanati, ñu may la ko ak looy sàkkooti, ñu defal la ko?»
13 Esteer ne ko: «Buur, ndegam soob na la, mayeel ëllëg itam Yawut yi ci Sus mana wéyal dogalu tey bi. Te fukki doomi Aman yu góor yi, ñu wékk seeni néew ci bant.»
14 Buur joxe ndigal ngir ñu def noona. Ba loolu amee ñu siiwal ab dogal ca Sus, daldi wékk fukki doomi Aman yu góor ya.
15 Yawut ya ca Sus nag daje ca fukki fan ak ñeent ci weeru Adar, bóom fa ñetti téeméeri (300) nit, te seen loxo laalul alal ja.
16 Ci biir loolu Yawut ya ca des te dëkke yeneen diiwaani buur ya daldi daje ngir aar seen bopp, ba am jàmm ca seeni noon. Ñu rey ca seeni bañ juróom ñaar fukki junniy nit ak juróom (75 000), te seen loxo laalul alal ja.

17 Loolaa nga am ca fukki fan ak ñett ci
weeru Adar, ëllëg sa di fukki fan ak ñeent.
Ñu noppalu, def ko bésub mbégteek
bànneex.
18 Yawut ya nekk Sus te daje woon ca
fukki fan ak ñett ak fukki fan ak ñeent ca
weer wa nag, ña nga dallu ca fukki fan ak
juróom ca weer wa, def ko bésub bernde
ak bànneex.
19 Looloo waral Yawuti kaw-kaw yi ci
dëkk yu ndaw yi di wormaal fukki fan ak
ñeent ci weeru Adar, def ko bésub bànneex
ak bernde, di ci joqalantey teraanga.

## *Yoonal nañu màggalu bési Purim*

20 Ci kaw loolu Mardose tënk xew-xew
yooyu ci mbind, daldi yónnee ay bataaxal
yu jëm ca mboolem Yawuti mboolem
diiwaani Buur Aserus, mu jege, mu sore,
21 ngir sas leen at mu nekk, ñu wara
wormaal fukki fan ak ñeent ak fukki fan
ak juróom ci weeru Adar.
22 Ñu di ko baaxantale bés ya Yawut yi
teqalikook seeni noon, di ko baaxantale
weer wa seen naqar walbatikoo di
mbégte, seen tiis di bésub jàmm, ngir ñuy
wormaal yooyu bés, muy bési bernde ak
bànneex yu ñuy joqalantey teraanga, di ci
dimbali néew-ji-doole.
23 Ba mu ko defee Yawut ya sasoo la ñu
tàmbali woona def, di wormaal yooyu bés,
na leen ko Mardose bindale.
24 Aman doomu Amdeta, Agageen ba,
fitnaalkatu bépp Yawut, moo fexeeloon
Yawut yi, ngir faagaagal leen.
Jumtukaayu tegtal bi ñuy wax Pur lañu
jëfandikoo woon, ngir jàpp bés ba mu leen
wara faagaagal, sànk leen.
25 Waaye ba mbir ma àggee ca Buur,
Buur a joxe ay ndigal yu ñu bind, ne pexe
mu bon ma Aman nasaloon Yawut yi, na
walbatiku këppu ci kawam. Te mook ay
doomam yu góor dees leen di wékk ci bant.
26 Moo waral ñuy woowe yooyu bés bési
Purim, mu jóge ci baatu «Pur», di
jumtukaayu tegtal boobu. Mboolem la ñu
bind ca bataaxal boobu nag ak itam la ñu
gisal seen bopp ak la ñu daj,
27 moo tax Yawut yi di wormaal ñaari
bés yooyu, sasoo ko, at mu nekk, bañ koo
bàyyi, ñook seen askan ak ku ànd ak ñoom.
Ñu war koo def, na ñu leen ko bindale, saa
yu jotee at mu nekk.
28 Bés yooyu di lu ñu wara bàyyi xel, di
ko wormaal ci bépp maas ci kër gu nekk,
diiwaan bu nekk ak dëkk bu mag bu nekk.
Bési Purim yooyu Yawut yi waruñu koo
noppee wormaal, te wareesu koo fàtte ci
seen askan.
29 Ci kaw loolu Lingeer Esteer doomu
Abixayil, ànd ak Mardose Yawut ba, ñu
bind ci sañ-sañ bu mat sëkk, di dëggal
ñaareelu bataaxal boobu jëm ci bési Purim.
30 Ñu yónnee ay bataaxal yu jëm ca
mboolem Yawut ya ca téeméeri diiwaan ak
ñaar fukk ak juróom ñaar (127) ca réewum
Buur Aserus. Muy kàdduy jàmm ak kóllëre,
31 ngir saxal bési Purim yooyu saa yu
jotee, na leen ko Mardose Yawut ba
dogalale, mook Lingeer Esteer. Mu dëppoo
it ak na ñu dogalale seen bopp jamonoy
koor ak ñaawlu, ñoom ak seen askan.
32 Dogalu Esteer ba nag wéral ndigal
yooyu jëm ci bési Purim, ñu daldi koy bind
ci téere bi.

# 10

## *Mardose daan na*

1 Gannaaw loolu Buur Aserus gàll ab
galag ca réew ma mépp, ba ca duni géej ga.
2 Mboolem jaloore ya Buur Aserus def,
ca dooleem ak màggaayu darajaam ak na
mu yékkatee Mardose, ba mu kawe, lépp
bindees na ko moos ca téere ba ñu dippee
Jaloorey buuri Medd ak Pers ca seeni jant.
3 Mardose Yawut ba, moo sësoon rëkk ca
Buur Aserus, sut Yawut yépp, ay bokki
Yawutam yu bare nawloo ko. Muy sàkku
nag ngëneeli ñoñam, di waxal jàmm
mboolem askanam.

# Ayóoba

Téereb *Ayóoba* ci laaj bii la tënku: Lu tax ku deful daray daji coono? Ku mel ni Ayóoba, Yàlla ci boppam moo ko seedeel ne ku jub la. Moonte terewu koo jànkoonte ak coono yu jéggi dayo.

Ci kaw loolu la ñetti xariti Ayóoba dikke tànki dëfal ko, di joxe seen xalaat ci li waral coonoy Ayóoba, diy bàkkaaram, ci seen gis-gis. Waaye Ayóoba, bir na ko ne, moom deful lu tax mu wara yelloo safaan yi ko dal. Bëgg na layoo ak Yàlla (13.3), ngir Yàlla xamal ko lu mu koy toppe (10.2).

Yàlla ci boppam moo mujj wax ak Ayóoba kàddu yu ko jañax, ba mu ràññee matadig xam-xamam. Yàlla won na Ayóoba ne amul lenn lu mu tële, looloo tax Ayóoba waru koo saña teg tooñ; da ko wara wóolu.

Ci tënk:

1.1—2.13 Nattuy Ayóoba tàmbali na.
3.1—31.40 Lu jëm ci ñetti pàcci werante diggante Ayóoba aki xaritam.
32.1—37.24 Eliyu yékkati na kàddoom.
38.1—41.26 Aji Sax ji tontu na Ayóoba.
42.1-17 Ayóoba leqaliku na.

### *Ayóobaa barkeel, ragal Yàlla*

1 Amoon na ca réewum Ucc*, góor gu ñuy
wax Ayóoba. Góor googu nekkoon ku mat
te jub, ragal Yàlla te dëddu lu bon.
2 Amoon na juróom ñaari doom yu góor
ak ñett yu jigéen.
3 Alalam juróom ñaari junniy (7 000) gàtt
la woon, ak ñetti junniy (3 000) giléem, ak
juróomi téeméeri (500) lëkkey nag yuy rijji,
ak juróomi téeméeri (500) mbaam yu jigéen,
ak jaam yu bare lool. Góor googu daal moo
ëppoon daraja ca mboolem waa penku.
4 Doomi Ayóoba yu góor ya nag dañu daa
ay-ayloo berndey biir kër, ku nekk ak
bésam. Su ko defee ñu yónnee, woo ca seen
ñetti jigéen ña, ngir ñu bokk di lekk aka
naan.
5 Bu ñu demaan ba ñépp fégal, Ayóoba
day yónnee ngir sangulooleen-set. Ci biir
loolu day teela xëy, daldi leen joxeel ñoom
ñépp ba ñu daj saraxu rendi-dóomal, ku
nekk benn. Booba Ayóoba da naan:
«Jombul sama doom yii bàkkaar nañu mbaa
ñu xarab Yàlla ci seen xel.» Noonu la
Ayóoba jàppoo woon.

### *Nattu nuyoo na*

6 Mu am bés goney Yàlla† dikk, teewsi fa
Aji Sax ji. Seytaane Tuumaalkat bi itam
bokk ca.
7 Aji Sax ji ne Seytaane: «Ana foo jóge?»
Mu ne: «Ci wër-wëraan ak doxantoo àddina
laa jóge.»
8 Mu ne ko: «Xanaa seetlu nga Ayóoba,
sama jaam bi? Amul moroom fi kaw suuf
de! Ku mat la te jub, ragal Yàlla te dëddu lu
bon.»
9 Seytaane ne ko: «Xanaa daa am lu
waral Ayóoba ragal Yàlla?
10 Xanaa du yaa ko ñag, ñag këram ak
mboolem alalam ba mu daj? Liggéeyam,
nga barkeel, ba ag juram law ci réew mi.
11 Xàccal sa loxo rekk, dal ci mboolem lu
bokk ci moom. Ndegam du jàkkaarlook
yaw, xarab la.»
12 Aji Sax ji ne Seytaane: «Ayca boog!
Mboolem lu bokk ci moom a ngi ci say
loxo, waaye moom ci boppam, bu ko sa
loxo laal.» Ba loolu amee Seytaane
bàyyikoo fa Aji Sax ji.
13 Mu am bés doomi Ayóoba yu góor ak
yu jigéen bokk toog di lekk aka naan biiñ
ca seen kër taaw.
14 Ci biir loolu ndaw dikk ne Ayóoba:
«Nag ya daal a doon rijji, mbaam ya di for
ca wet ga.
15 Genn gàngooru yàqkat bàyyikoo Seba,
dikk daanu ci seen kaw, yóbbu leen; surga
ya, ñu leel ñawkay saamar. Mennum man
mii maa ca rëcce ba àggesi la ko.»
16 Kooku daaneelagul kàddoom sax,
keneen dikk ne: «Sawaraw Yàlla daal a
wàcce asamaan, boole gàtt yaak surga ya,
jafal ba xoyom leen. Mennum man doŋŋ
maa ca rëcce ba àggesi la ko.»
17 Kooka daaneelagul kàddoom, keneen
dikk ne: «Kaldeen ñaa def ñetti gàngoor,
dikk sëxëtoo giléem ya, yóbbu, surga ya, ñu

* **1.1** ***Ucc:*** jombul ma nga woon ca penkub Israayil, fi ñuy wax tey Arabi mbaa Yordani mbaa Siri. † **1.6** ***goney Yàlla,*** maanaam ay malaakay Yàlla yu bokk ci péncum Yàlla.

leel leen ñawkay saamar. Mennum man
doŋŋ maa ca rëcce ba àggesi la ko.»
18 Kooka daaneelagul kàddoom, keneen
dikkati ne ko: «Sa doom yu góor ak yu
jigéen a doon lekk aka naan biiñ ca seen
kër taaw bu góor,
19 ngelaw lu mag jekki bàyyikoo ca wàllaa
màndiŋ ma, dal ca ñeenti weti néeg ba, mu
màbb ca kaw gone ya, ñu dee. Mennum
man doŋŋ maa ca rëcce ba àggesi la ko.»
20 Ba mu ko defee Ayóoba jóg, ne tareet
mbubbam, ba noppi watu nel, di ko
ñaawloo. Mu daanu fi suuf, sujjóot,
21 daldi ne: «Duŋŋ laa génne sama biiru
ndey te duŋŋ laay delloo. Aji Sax jee maye,
Aji Sax jee nangu. Cant ñeel na Aji Sax ji.»
22 Ci biir loolu lépp Ayóoba bàkkaarul,
jiiñul Yàlla lenn lu juunu.

# 2

## *Nattu nuyooti na*

1 Mu am bés goney Yàlla dikk, teewsi fa
Aji Sax ji. Seytaane itam bokk ca, dikk
teewsi fa Aji Sax ji.
2 Aji Sax ji ne Seytaane: «Ana foo jóge nii
nag?» Mu ne ko: «Ci wër-wëraan ak
doxantoo àddina laa jóge.»
3 Mu ne ko: «Xanaa seetlu nga Ayóoba,
sama jaam bi. Amul moroom fi kaw suuf
de! Ku mat la te jub, ragal Yàlla te dëddu lu
bon, doonte yaa ma xabtal ci ma di ko
sonnal te dara waralu ko.»
4 Seytaane ne Aji Sax ji: «Bakkan a wuutu
bakkan rekk. Mboolem lu nit am, man na
koo weccee bakkanam.
5 Léegi xàccal sa loxo rekk, dal ci kaw
jëmmam jépp. Ndegam du jàkkaarlook yaw,
xarab la.»
6 Aji Sax ji ne Seytaane: «Kon mu ngoogu
ci say loxo. Waaye bakkanam daal, sàmm
ko.»
7 Ba mu ko defee Seytaane bàyyikoo fa
Aji Sax ji. Ci kaw loolu mu sànni Ayóoba ay
taab yu metti, dale ko ca téstën ma, ba ca
kaw bopp ba.
8 Ayóoba wut tojitu njaq, di ko xasanoo,
daldi toog ci biir jalub dóomu-taal.
9 Jabaram ne ko: «Yaa ngi ŋoy ci sa mat gi
ba tey? Xarabal Yàlla boog te dee!»
10 Mu ne ko: «Waxi jeeg bu dof daal ngay
wax, yaw! Du Yàlla da nuy may lu baax,
nu jël? Kon kay bu nu mayee safaan ba it,
nu wara jël.» Ci biir loolu lépp Ayóoba
bàkkaarul ciw làmmiñam.

## *Ayóoba am nay gan*

11 Gannaaw loolu ñetti xariti Ayóoba ñoo
dégg mboolem musiba moomu ko dikkal.
Ku nekk ci ñoom jóge këram: Elifas waa
Teman ba ak Bildàdd waa Suwa ba ak
Cofar waa Naama. Ñu bokk daje ngir dikk
mas-sawu Ayóoba, dëfal ko.
12 Ñu dikk ba jub ko, di ko séentoo fu
xawa sore, waaye xàmmeetuñu ko. Ñu
daldi ne yikkét jooy. Ba ñu agsee ku ci
nekk ne sa mbubb tareet. Ñuy ñaawlu, di
tibb suuf, di sànni ca kaw, muy sottiku ci
seen kaw bopp.
13 Bokk nañu toog ak Ayóoba fa suuf
juróom ñaari bëccëg ak juróom ñaari guddi,
kenn waxu ko baat, ndax dañoo gis mitit
wa mu àndal tar lool.

# 3

## *Ayóoba rëbb na bésub juddoom*

1 Gannaaw loolu Ayóoba àddu, ma ngay
móolu bés ba mu juddoo.
2 Mu ne:
3 Sànkute ñeel na bés ba ma juddoo,
ba ca guddi ga noon: «Sosees na góor!»
4 Boobu bés yal na di lëndëmu neen,
di bés bu Yàlla ma fa kaw faaleedi,
te genn leer du ko leeralati.
5 Yal na lëndëmu njaniiw aakimoo boobu
bés,
xàmbaar mbaaral ko,
muy guddig digg bëccëg gu raglu.
6 Googu guddi yal na ko lëndëm moom,
yàlla bumu bége fi digg bési at mi,
yàlla bees ko limaaleeti ci weer yi.
7 Googu guddi kay yàlla bu ci gone sosooti,
yàlla bu ci sarxolle jolleeti.
8 Yal na alagkati bés yi alag googu guddi,
alagkat yu mana xabtal ninki-nanka.
9 Yal na biddiiwi njëlam giim,
muy séentug leer te du am;
yàlla bumu gis fu njël di xippee,
10 gannaaw moo tëjul sama biiru ndey,
ba làq saay gët coono.

11 Moo, lu ma tee woona juddu rekk,
dellu?

Lu ma tee génne sama biiru yaay, noqi
rekk, dog, boog?
12 Ana lu may óom doon uufe?
Ana lu ma doon nàmpey ween?
13 Tëdd koon naak jàmm biir bàmmeel,
di nelaw, noppaloondook
14 buur yeek jawriñi àddina,
yi tabaxal seen bopp këri buur yu gental
tey.
15 Noppalu koon naak garmi yay boroom
wurus,
te daan feesal seeni kër xaalis.
16 Mbaa ma mel koon ni lumb wu làqu biir
suuf,
mbaa cuux mu jotula gisug leer.
17 Biir bàmmeel la ñu bon ñiy noppee sonle,
fa la ña jeele doole noppaloo,
18 ña ñu tëjoon ne finaax,
déggatuñu coowal ku leen di sas,
19 ku tuut ak ku mag di fa benn,
jaam noppi faa jaamu sangam.
20 Boroom tiis, ana lees koy maye leeru
kaw suuf?
Lu boroom naqar di doye bakkan?
21 Ku ni mel ku yàkkamti dee gu dikkul,
te gëna sàkku dee alal ju làqu,
22 ba bu gisoon bàmmeel,
di tex-texi ci biir mbég ak bànneex.
23 Ngóor sii aw yoonam làqu,
ana lu muy doye dund, te Yàlla dar
kepp ko?

24 Samay binni di samaw ñam,
samay yuux fettax nim ndox.
25 Tiitaange déy a ma dikkal,
li ma ragaloon kay a ma dab.
26 Du jàmm, dug dal, du noflaay bu ma am,
jallaañoo dikk na!

# 4

## *Elifas nee: Yaru Yàlla du ñàkk*

1 Elifas waa Teman ba àddu ne:
2 Ma jéema àddu boog, soo ma talee!
Ndaxam noppeeti, maneesu ko.
3 Yaw de, ñu bare jàngal nga leen,
loxo yu toqi woon, nga dooleel,
4 ku jangoon, nga wax, mu taxaw,
kuy óomam dammoon, nga dëgëral.
5 Léegi muy yaw, nga yoqi;
mbir mi dal fi sa kaw, nga jànnaxe.
6 Xanaa du sag ragal Yàllaay sa cëslaay,
sag màndute di sa yaakaar?

7 Seetal rekk, ana jàmburu Yàlla bu masa
sànku?
Ana foo gis ku jub ku mujje yàqu?
8 Li ma gis daal, ku bey ñaawtéef,
ji coono, yaa koy góob.
9 Yàllaay wal noowam, nga sànku,
sànjam gelaw, nga jeele.
10 Gaynde ŋar, segg xiiru,
selli waxambaaney gaynde tojandoo.
11 Gaynde ga ñàkkum pàdd, dee,
doomi gaynde ga tasaaroo.

12 Man la kàddu dikkal ci kumpa,
sama nopp taataan ndéey la,
13 ci géntu guddi, fa xalaat di jaxasoo,
nelaw yu xóot dikkal boroom.
14 Tiitaange ne ma taral, may lox,
cér yépp di kat-kati.
15 Ngelaw lu sew jaare sama kanam,
sama kawari yaram ne sàyy-sàyyaaral.
16 Mu def ku taxaw, te xàmmeewuma ko,
di jëmm ju janook man, may gis.
Mu jëkke ne cell, mujje àddu, ma dégg.
17 Mu ne: «Ndax nit man naa am dëgg fa
kanam Yàlla?
Am man naa laab fi kanam Ki ko sàkk?
18 Ndegam surgaam ya ca asamaan sax
wóoluwu leen,
ay malaakaam sax, mu sikk leen,
19 gën ñi dëkke këri ban,
cosaanoo ci pëndub neen,
gëna neexa nappaaje gunóor.
20 Diggante subaak ngoon, ñu moxoñoo,
bala ngaa yég, ñu sànku fàww,
21 seen buumi xayma foqatiku,
ñu dee ci biir ag umple.»

# 5

1 Rikk wooteel, ndegam am na ku lay
wallu!
Ana ci ñu sell ñi, kan ngay sàkku ndimbal?
2 Am sanax déy, naqari deret a koy rey,
ab téxét, xéraangee koy faat.
3 Maa gis am sanax, mu saxi reen,
ma jekki ñaan alkàndey dëkkuwaayam.
4 Ay doomam ay sore yoonu mucc,
ñu di leen dëggaate ca pénc ma,
te kenn du leen xettali.
5 Am ngóobam, ku xiif a koy lekk,

ba lekkaale la saxe biir dég ya,
te alalam, ku mar a koy ŋaf-ŋafee.
6 Aw ay du garab, bay fëlle biir suuf,
coono du jekki, jebbi.
7 Ku juddu, coono nga juddul,
mooy ferñent, kaw rekk la jëm.

8 Man de su ma doon yaw damay sàkku Yàlla,
te kon Yàlla laay diis sama mbir.
9 Keey def jëf ju màgg ju nattuwul,
di def kiraama yu limuwul.
10 Keey taw, suuxat suuf,
yónnee ndox, nàndal àll.
11 Keey kaweel ku suufe,
kuy ñaawlu siggee mbégte.
12 Keey neenal pexem ku muus,
ba mébétam du sotti.
13 Keey jàpp boroom xel cig muusam,
ba pexem ndëngteem teela sooy.
14 Ñu ni mel, bëccëg ñu dajeek lëndëm,
di làmbatoo digg bëccëg ni bu doon guddi.
15 Yàllaay musal néew-ji-doole ci saamaru làmmiñ
ak loxol boroom doole,
16 néew-ji-doole jagoo yaakaar,
defkatu njekkar ub gémmiñug boppam.

17 Ma ne, ndokkalee ku Yàlla jubbanti,
kon bul bañ yarub Aji Kawe ji.
18 Moom kat mooy mitital, di fajtal;
mooy gaañe, di wérale loxol boppam.
19 Juróom benni njàqare teew, mu xettali la ca,
ba ko juróom ñaareel sax, doo ca loru.
20 Ab xiif, moo la cay jote ba doo dee,
ab xare, nga mucc ñawkay saamar,
21 aayteefu làmmiñ, nga fegu ca,
te yàqule guy dikk, doo ko ragal.
22 Yàquleek xiif, nga kekku;
rabu àll, doo ko ragal.
23 Doji àll bi sax, kóllëreg jàmm ngay séq ak ñoom,
te rabi àll yi dañuy jàmmook yaw,
24 nga xam ne sa xayma, jàmm,
soo nemmikoo sa parlu, dara du ca wuute.
25 Dangay ràññee ni saw askan di yaatoo,
say sët di law ni gàncax.
26 Ni pepp di ñore, ñu door koo góob,
ni ngay màggataale doole, doora dëgmal bàmmeel.
27 Lii kat lanu gis, te lii rekk la.
Dégg, jariñu.

# 6

## *Ayóoba nee: Maa yey ne ba ma*

1 Ayóoba daldi ne:
2 Éy su sama tiis wii doon lu ñuy natt diisaayam?
Su sama ay wii wépp doon lees di màndaxe?
3 Kon tey mu gëna diis suufoo suufi géej.
Moo waral sama kàddu yi ma rëcc.
4 Da di fetti Aji Man jee ma jam,
ba tooke ji nàndal samam xel,
mbugalu Yàlla yu raglu làng-déral ma.
5 Mbaamu àll dina ŋaax te tiim ñax mu tooy a?
Aw yëkk dina nàññee te tiimum ngooñam?
6 Deesul lekk lu soof, loo deful xorom,
rawatina lu weex li ci nen.
7 Sama xel a ko nanguwul,
ñam la wu ma seexlu.

8 Éy kuy amal sama dagaan,
ba Yàlla sottal sama yaakaar!
9 Yal na neex Yàlla mu nappaaje ma,
yal na afal loxoom, ne ma tipp.
10 Bu ko defoon sama ndàmpaay di li ma gàntalul
kàdduy Ku sell ki,
te kon ma bég, di fecc ci biir mitit wu dul dal.
11 Ana doole ju ma amati bay muñ?
Ana luy sama muj ba may dundati?
12 Dama diw doj bay àttan lu ne?
Am yaramu xànjar laa am?
13 Ndax amati naa wall,
te pexe réer ma mërr?

14 Ku ne lasiim, saña séentu xarit baaxe la,
doonte fekkul nga ragal Aji Man ji.
15 Samay xarit a ma wor ni wal moo fekk ŋiis.
Dañoo mel ni dex yoo fekk ndox ma jeex,
16 te ba sedd bay tàggoo,
galaas ànd ca ak tawu yuur, di seey,
mu fees dell ak ndox mu nëx.
17 Waaye bu noor biy dikk, mu wow,
tàngoor jam, mu ŋiis.
18 Jëggi giléem ay wërum ndox, ba wacc seenu yoon,

saaraan ca ndànd-foyfoy ga, réer.
19 Waa jëgg ya bawoo Tema di wër ay yol,
tukkikat ya bawoo Seba di séentuy dex,
20 ba àgg fa ñu ko fooge woon, yaakaar tas,
seen kóolute mujje mbetteel.
21 Yeen déy, yeenay yooyu wal ci man.
Yeena gis sama njàqare, jàq.

22 Dama leena masa ñaan dara,
mbaa ma sàkkoo ci seen alal ab ger,
23 ngir ngeen xettali ma ci loxol noon,
mbaa ngeen jot ma ci boroom doole bu néeg?
24 Xamalleen ma, man ma ne cell!
Ana fu ma juume? Wonleen ma ko!
25 Kàddu yu jub da lay yey,
ana li ngeen may yedde, lu mu doon?
26 Dangeen di jéema sikk samay wax,
di jàppe ngelaw kàdduy xol bu jeex?
27 Ab jirim sax àttan ngeen koo tegoo bant,
seen xarit sax sañ ngeen koo jaay.
28 Léegi nag, rikk walbatikuleen fi man,
xanaa duma janook yeen di fen?
29 Deltuleen gannaaw, bu njubadi am.
Dellootileen gannaaw, sama der set na wecc!
30 Ana fu ma waxe njubadi?
Am damaa xamul lu njekkar di saf?

# 7

1 Xanaa du fani doom aadama fi kaw suuf àppu doñ-doñ la,
dundam di dundu liggéeykat bu ñu bind?
2 Daa mel ni jaam bu namm keppaar
mbaa mbindaan mu yàkkamtig peyam.
3 Noonu laa séddoo ay weeri mititu neen,
jagoo ni ay guddiy coono.
4 Damay tëdd te naa:
«Kañ laay jóg nag?»
Waaye guddi gudda gudd,
walbatiku ba fajar xar génnliku na ma!
5 Maa ngi sàngooy sax ak àkki ban,
sama der biy xar, di wal.
6 Kukkub ràbb sax ni samay fan di jeexee ko gaaw,
poqe di jeex, te yaakaar amul.

7 Éy Yàlla, bul fàtte ne sama dund gii, ag noo doŋŋ la,
te dootuma teg bët ngëneel.
8 Bët bi may gis tey du ma gisati,
dinga ma niir, fekk nekkatuma.
9 Niir wu naaxsaay, ne mes,
mooy ku wàcci njaniiw, du yéegati!
10 Du ñibbeeti këram,
dëkkuwaayam dootu ko fat.
11 Moo tax duma téye sama làmmiñ,
xanaa di waxe biir njàqare,
di jooye biir naqar.
12 Dama di Géej menn mbaa Ninki-nanka,
ba nga di ma booleek ku may wattu?
13 Dama naan: «Naa noppaloo tëraayub laltu,
ba yennikoo ab lal sama tawat,»
14 nga di ma tiitale ay gént,
di ma xoqtale ay jeneer,
15 ba ku ma xojoon sax, ma jël,
nde dee a ma gënal dese yii yax.
16 Doy na sëkk! Dunduma ba fàww;
ba ma, samay fan genn noo la!
17 Luy nit ba nga di ko jox bii gëddë,
bay def sam xel ci moom,
18 di ko nemmiku saa yoo xëyee,
di ko nattu saa su ne?
19 Doo ma dummóoyu boog,
may ma sax fu ma wonaasoo?
20 Yaw miy seetlu jaam ñi, ma bàkkaar, lu mu lay wàññi?
Ana lu tax nga di ma diiral sa bopp nii,
ba ma mujj diis la gann?
21 Lu tee kon nga baal ma samag moy,
jéggal ma samag tooñ?
Léegi tey ma tëri biir suuf,
nga di ma seet a seet, fekk nekkatuma.

# 8

*Bildàdd nee: Musiba, añu boroom*

1 Bildàdd ma bàyyikoo Suwa, àddu ne:
2 Ana foo àppal sa wax jii?
Ngay mbel-mbeli ni callweer!
3 Ana Yàllaak safaan yoon?
Ana Aji Man jeek safaan àtteb dëgg?
4 Bu ko sa doom yi moyee, kay,
mu ba leen ak seen añub tooñ!
5 Yaw nag soo sàkkoo Yàlla,
dagaan Aji Man ji aw yiwam,
6 soo muccee ayib te jub,
day daldi taxaw temm ci say mbir,
delloo la sa kër gi nga yelloo,
7 nga yokkoo yokku ëllëg,
ba xeeb sa démb.

8 Laajal rekk maas gi nu jiitu,
te teewlu seen gëstuy maam ya.
9 Nun xamunu, démb rekk lanu,
sunu fani kaw suuf di takkndeer suy wéy.
10 Ñi ñu jiitoo lay xamal, wax la,
tibbe seen xol yii kàddu, dénk la:
11 «Ndax jàqaar dina naate fu dul ban bu tooy,
am barax dina saxe fu amul ndox?
12 Bu ndox ma ŋiisee, mooy njëkka lax,
te du ñoragum bay mata dog.»
13 Loolooy muju képp ku fàtte Yàlla,
yaakaaru yéefar, tas rekk,
14 cëslaayam màbb,
làquwaayam di lëndu jargoñ.
15 Mu wéeroo këram, kër gay yëngu;
mu ŋoyu ca, muy jaayu.
16 Ku gëmadee ngi mel ni garab gu jant biy jam, mu naat;
car yay lawe tool ba mu saxe,
17 reen ya rawaasoo ci biir jalub xeer,
muy kërug dojam gu mu ŋoy.
18 Nga buddee ko béreb ba mu sax,
béreb ba jàmbu ko, ne ko: «Masuma laa gis!»
19 Geneen garab ay jebbi, wuutu ko.
Mu ngoog, ab yéefar, nii la mujam di rafete!

20 Dama ne: Yàlla du gàntal ku màndu,
te du dooleel kuy def lu bon.
21 Moo lay may loo ree,
bay sarxolle,
22 say bañ gàccoo gàcce,
xaymab ñu bon ña gental.

# 9

## *Ayóoba nee: Yàlla du ku ñuy layool*

1 Ayóoba dellu ne ko:
2 Waaw, noonu la moos, xam naa ko!
Ana nu nit di ame dëgg fa kanam Yàlla?
3 Ku bëgga layook Yàlla it,
mu laaj la junni, doo tontu lenn.
4 Moo rafet xel, bare doole!
Ana ku koy jéema të, mu jig ko?

5 Keey randal tund yi te duñu ko yég;
keey mer, jàllarbi leen,
6 gësëm suuf fa mu tege,
ay kenoom jaayu.
7 Keey gëdd jant bi, aaye koo fenk,
ub ràpp biddiiwi asamaan.
8 Keey wéetoo di firi déndi asamaan,
di daagoo kawtey géej.
9 Moo sàkk dëllooñ gi féete bëj-gànnaar
ak ñaari kuréeli biddiiw ya ci digg asamaan,
ak kuréeli biddiiw ya ca néegi bëj-saalum.
10 Keey def jëf ju màgg ju nattuwul,
ak kiraama yu limuwul.

11 Mu ngoog, daf may romb te duma ko gis,
jàll, wéy te duma ko yég.
12 Kii, bu këfee, ana ku koy tere?
Ana ku ko naa: «Looy def nii?»
13 Yàlla du dànk meram,
ciy tànkam la farandooy Raxab,
miy ninki-nankay géej, di gapparu!
14 Ana nu ma koy àddoo, man?
Ana kàddu yu may layook Yàlla?
15 Su sama der setee it, duma mana àddu,
xanaa sama àttekat bii laay tinu.
16 Su ma ko woon cib layoo, mu wuyu itam,
du tax mu wóor ma ne dina ma teewlu.
17 Moom mi may rajaxee ngelaw lu réy,
te di ma gaañ a gaañ ci dara,
18 mayuma sax ma astandiku,
xanaa reggal ma aw naqar.
19 Su dee kàttan, kee bare doole!
Su dee wàllu yoon, kan moo ma cay woo?
20 Ma am dëgg, sama kàddu sikkal ma,
ma mucc ayib, sama kàddu teg ma tooñ.
21 Maa mucc ayib a? Xam!
Maa bañ sama dund gii!
22 Lépp benn la rekk! Moo tax ma ne:
«Ku mucc ayib ak ku bon lay boole sànk.»
23 Mbas ne jaas, rey ñu deful dara,
Yàlla di leen kekkook seen njàqare.
24 Àddinaa ngi tege ci loxol ku bon,
te Yàllaa ngi muur gëti àttekat yi!
Su dul moom ana ku mu doon?

25 Ab dawkat sax ni samay fan di jeexee ko raw.
Wone nañu gannaaw te gisuñu lu baax.
26 Samay fan tarxiis nañu, wéy, woyof ni gaali barax,
mbaa jaxaay ju naan jàyy cim rëbbam.
27 Su ma nee: «Naa fàtte sama tawat,
leeral kanam te bég,»
28 du tee ma ragal mboolem samay mitit,
nde xam naa ne du tee, yaw Yàlla, nga topp ma.

29 Ndegam maa tooñ,
ana lu may sonn doye?
30 Su ma raggoo woon saabu,
ba raxasoo xeme sax,
31 du tee nga tàbbal ma cim leeñ,
ba samay yére sax seexlu ma.

32 Yàlla da dul nit ni man, ba may weranteek moom,
di ànd ak moom, layooji.
33 Su amoon sax kuy dox sunu digg, jubale nu,
sañ noo boole teg loxo,
34 teggil ma yetam, mu sore ma,
ba darajaam ju raglu dootu ma tiital,
35 bu doon noonu, ma wax ak moom te duma tiit.
Waaye gannaaw demewul noonu, man laak man!

# 10

## *Ayóoba nee lu mu def Yàlla?*

1 Maaka bañ sama dund gii!
Naa afal sama kàddug tawat,
di àddoo naqaru xol.
2 Dama naa Yàlla: Bu ma toppug tooñ.
Xamal ma kay li nga may toppe, lu mu!
3 Ana lu la noote di jariñ,
ba ngay bañ li nga sàkke sa loxol bopp,
tey àntal pexem ku bon?
4 Xanaa gëti nit doŋŋ nga am,
am ni nit di gise rekk ngay gise?
5 Say fan daa tollook fani doom aadama,
am say at daa yem ak ati nit,
6 ba ngay seet fu ma ñaawe,
di liñbat fu ma moye?
7 Moona xam nga xéll ne tooñuma,
te amul kenn kuy xettali nit ci sa loxo.
8 Say loxoo ma mooñ, tabax ma ba ma mat sëkk,
léegi nga di ma yàq yaxeet!

9 Rikk fàttalikul ne yaa ma tabax, ni bu ma doon ban,
xanaa doo ma delloo xaat ci pëndub suuf?
10 Xanaa du yaa ma xelli woon ni meew
ci sama biiru ndey,
wayal ma nim soow,
11 wodde ma der ak suux,
ràbbe ma yax aki siddit?
12 Yaa ma may bakkan, won ma ngor,
yaa sàmme sa yégeel samag noo.

13 Ndeke yoo lii nga dencoon ci sa xol,
xam naa ne lii nga naroon:
14 ne ma dann, ba su ma bàkkaaree,
doo ma baal samag tooñ.
15 Su ma defee lu bon, ngalla man,
te bi ma defee lu jekk it, sañumaa siggi,
gàcce laa suure, sangoo toroxte.
16 Waaye su may siggi rekk,
nga mel ni gaynde, di ma rëbb,
dellu di ma lore say kiraama,
17 yónneeti ma say seede,
gën maa songati,
ay gàngoor di wuutante fi sama kaw.
18 Ana loo ma doon génnee sama biiru ndey?
Doon naa dee te bët du ma gis!
19 Doon naa mel ni ku masula am,
jóge ci biir, ñu yóbbu bàmmeel.
20 Xanaa du fan yu néew laa dese? Ba ma boog!
Xiddil, ma leqaliku,
21 bala may dëddu, délseetuma,
bala may tàbbi réew mu lëndëm ga ne këruus,
22 réewum lëndëm,
mu ne këruus, salfaañoo,
ag leer sax, saf fa lëndëm!

# 11

## *Cofar nee: Tuub, raw*

1 Cofar ma bàyyikoo Naama àddu, ne:
2 Yii kàddu yu wale, deesu ko tontoo?
Ndax wax ju bare tax na nit a yey?
3 Sa kebetu yii wedamal na kenn a?
Am dangay ñaawle te deesu la tiiñal?
4 Nee nga sa àlluwa wér na péŋŋ,
sa jëw rafet, Yàlla seede.

5 Éy su Yàlla nammoona wax,
ba àddu, wax ak yaw,
6 àgge la kumpay xelam mu rafet,
mi wees dég-dég,
kon nga xam ne Yàlla jéllale na sa lenni tooñ!

7 Dangaa mana gëstu mbóoti Yàlla, ba gis ko?
Am yaa xam Aji Man ji, ba ñédd ko?
8 Lu gëna kawe kaw, ana loo ci man?

Lu gëna xóot njaniiw, ana loo ci xam?
9 Màggaayu Yàllaa sut suuf,
gëna yaatu géej!
10 Su dikkee, tëj nit,
woo ko péncum àtte, ku ci man dara?
11 Moom mi xàmmee ñi dul niti dara,
mooy gis lu bon, te du laaj mu teewlu.
12 Waaye ku boppam feesul, bu muusee,
mbaamu àll a judduwaale nangu.

13 Waaye yaw soo defee sa xel ci Yàlla,
dékk ko say loxo,
14 fabal say ñaawtéef, sànni,
te baña xajal njubadi sa biir xayma,
15 kon déy, nga mucc gàkk, siggi;
dëju te doo tiit,
16 sa coonob tey ngay fàtte;
ni waltan mu wal ba wéy doŋŋ, ni nga koy
fàttalikoo,
17 te yaay gëna leer jantub njolloor,
ba lëndëm di saf leeru njël.
18 Kon nga am yaakaar ak kóolute,
aaru, soo tëddee, nelaw,
19 jaaxaan, kenn du la lëjal,
ñu bare di la leewaayu;
20 ku bon jàq, ba gët ya giim,
rawtu réer ko,
yaakaaratul lu moy noowam gu mujj.

## 12

### *Ayóoba nee: Yàlla lu ko neex lay def*

1 Ayóoba àddu ne:
2 Yeen daal yeenay nit;
ngeen dee, xel mu rafet dee.
3 Ndaxam man it am naam xel ni yeen,
duma seen cuune fenn,
te lii ngeen wax, kenn umplewu ko.
4 Maay reetaanu xarit,
te daan woo Yàlla, muy wuyu;
tey ñuy reetaan ku jub, mucc ayib!
5 Ku neexlee ngi ñaawal ku safaan dab,
defe ne safaan, ku tarxiis lay bëmëx.
6 Jàmm a nga ca xaymay yàqkat ya,
te xel mu dal di céru tooñkati Yàlla yooyu,
yor seen tuuri yàlla.

7 Laajal rekk rab yi, ñu xamal la;
mbaa njanaaw yi, ñu wax la;
8 mbaa nga diisook suuf, mu xamal la;
mbaa jëni géej, ñu nettali la.
9 Ana ku umple ci mboolem ñii,
ne loxol Aji Sax jee def lii lépp?
10 Moo yor ci loxoom lépp luy dund,
yor noowal képp kuy noyyi.
11 Xanaa du nopp ay natt baat bu jib,
denqleñ di mosu ñam?
12 Mag ak xel mu rafet,
fan wu gudd ak ràññee.
13 Waaye Yàllaa boole xel ak doole,
moom pexeek ràññee.

14 Mu ngoog, keey màbb te deesul
tabaxaat,
di tëj nit, te deesul tijji.
15 Mu ngoog, keey aj am ndox, mu maral,
mu afal am ndox, mu salfaañe àddina.
16 Kee am doole, keey sottal,
di boroom aji réer ak ka ko réeral.
17 Keey futti kàngam,
dofloo kilifa.
18 Keey foq mbaxanam buur,
jox ko ngemb, mu gemboo.
19 Keey futti sarxalkat,
jàllarbi njiit lu riigu.
20 Keey wedamal ku ñu wóolu,
xañ mag xelum ràññee.
21 Keey toroxal garmi,
yolomal ngañaayu boroom doole.
22 Keey ñori lu làqoo xóotey lëndëm,
leeral lu noon këruus.
23 Keey màggal aw xeet, teg ca sànk leen;
keey lawal aw xeet, teg ca toxal leen.
24 Keey xañ njiitu xeet am xelam,
wërloo ko ndànd-foyfoy gu yoon amul,
25 muy làmbatoo lëndëm gu genn leer amul,
moo koy wërloo ni màndikat.

## 13

### *Ayóoba nee: Su layoo, yey*

1 Dama ne, lii lépp maa ko gis,
dégg ko, xam ko.
2 Li ngeen xam, man it xam naa ko;
duma seen cuune fenn.
3 Waaye man Aji Man ji laay waxal,
layook Yàlla laa namm.
4 Yeen nag yeenay rafetalkati fen,
yeen ñépp di fajkati caaxaan.
5 Céy su ngeen noon cell,
muy seen rafet xel!
6 Ngalla dégluleen sama tawat,

teewluleen sama kàddug layoo.
7 Ndax Yàlla ngeen di waxal waxi njubadi,
di ko duural?
8 Ndax Yàlla ngeen faral,
walla Yàlla ngeen di layool?
9 Ndax bu leen Yàlla luqatu woon dina
baax?
Am ni ñuy naxe nit ngeen koy naxe?
10 Su ngeen ko faraloon ci kumpa sax,
du tee mu sikk leen moos.
11 Xanaa màggaayu Yàlla tiitalu leen?
Am ragluwaayam ëlëmu leen?
12 Seeni tari, léebi neen,
seeni tont, kiiraayu boob.
13 Xeremluleen, ba ma wax man
ak lu ma mana dal.
14 Amul dara lu mu ma jaralul,
ba ci jaay sama bakkan.
15 Su ma Yàlla doon rey it, moom laay
yaakaar,
maay janook moom, layool sama bopp.
16 Loolu it sama mucc a ngi ci,
ndax ab yéefar du dikk di janook moom.
17 Dégluleen a déglu sama baat,
sama kàddu ci seeni nopp.
18 Dégluleen maa, ma lañal ab layoo,
bir na ma ne maay yey.
19 Ana ku may yey cib layoo?
Kon de ma wedam te dee.

20 Xanaa nga may ma ñaar rekk,
ba du jar ma di la làqu:
21 ngalla teggi ma sa loxo,
te buma dabeeti tiitaange joo sabab.
22 Wooteel, ma wuyu,
mbaa ma wax, nga àddu ma.
23 Ana luy sama ñaawtéef aki moy?
Xamal ma samag tooñ ak sama moy.
24 Ana loo may làqe sa leeru kanam?
Danga maa jàppe sab noon?
25 Xob wuy wéy ngay xoqtal?
Ana boob buy naaw, loo ciy topp?
26 Yaa ma bindal dogal yu wex,
añale ma sama ñaawtéefi ndaw!
27 Yaa ma jéng,
di sàmm fépp fu ma jaare,
topp sama tànk!

28 Sama bakkan a ngi ruus ni bant bu
fënëx,
mbaa mbubb mu maxe.

# 14

*Àddinaa gàtt, barew tiis*

1 Ku jigéen jur,
yaa néewi fan, géejal coono!
2 Dangay tóor rekk, lax,
wéy ni takkndeer, doo toog.
3 Mooy kii nag nga teg bët,
mooy man mii nga nara layool!
4 Lu sobewu, ana ku ci mana am lu laab?
Du kenn!
5 Ndegam yaa dogalal nit ay fanam,
lim ay weeram,
dogal àpp ba, te du jaas,
6 teggi ko boog say gët, mu dallu,
ni liggéeykat bu jaanam wàcc ci bés.

7 Garab sax ñàkkul yaakaar.
Boo goree, mu jebbiwaat,
ba du ñàkk ay njebbit.
8 Reen ba man naa màggat,
ëkk ba deewe biir suuf,
9 mu yégum ndox rekk, jebbi,
saxaat nim njëmbat.
10 Waaye nit dee, doole réer,
bakkan rot, mu ne mes.
11 Day mel ni déeg bu ŋiis,
mbaa dex gu wow ba jeex.
12 Doom aadama it tëdd, du jógati,
du yewwooti, asamaan fekke,
du jógeeti ciy nelaw.

*Làq ma sa mer, ba giif*

13 Éy soo ma nëbboon biir njaniiw,
làq ma, ba sa mer giif,
dogalal ma àpp, te bañ maa fàtte!
14 Ndax dees na dee, di dundati?
Doon naa ko muñe sama fani coono yépp,
ba keroog sama kuutaay yiwisi ma.
15 Doon nga ma woo, ma wuyu,
te kon nga namm sa càkkéefu loxo.
16 Doon nga wóoral samay jéego,
te doo ma toppe samay bàkkaar.
17 Konoon samag tooñ yebe ci mbuus mu
takke;
sama ñaawtéef, nga muure ko malaan.

18 Waaye aw tund day màbb, ruus;
aw doj di toxu,
19 am ndox di jonji xeer ba mu jeex,
waame buub suuf, yóbbu,

te noonu ngay neenale yaakaaru doom
aadama,
20 man ko, mu dëddu fàww,
kanam ga soppiku, nga jalax.
21 Doom ya tedd, yégul;
ñu tekkeedi, tinul.
22 Nit yégul lu moy mititu boppam
te bakkanu boppam lay tiisoo.

## 15

### *Elifas nee: Lu waay def, boppam*

1 Elifas àddu, ne:
2 Ayóoba, ku xelu dina tontoo kàdduy
ngelaw,
mbel-mbelam nib jaas bu fees dënnam a?
3 Ku xelu du layoo waxi caaxaan,
kàddu yu amul benn njariñ.
4 Yaw de, yaa ngi neenal worma,
di yàq njàngat mi war fa Yàlla.
5 Saw làmmiñ déy, sa ndëngtee koy sa,
yaa taamu di wax njublaŋ.
6 Du man de, sa gémmiñu bopp a la teg
daan,
sa làmmiñu bopp a la tuumaal.

7 Xanaa yaa njëkka juddu ci nit?
Am balaa tund yee sosu lañu la jur?
8 Ba Yàllay féncoo yaa doon déglu,
ba mana aakimoo xel mu rafet?
9 Ana loo xam lu nu xamul
ak dég-dég boo am, te nu rafle ko?
10 Boroom bijjaaw ak màggat a ngi sunu
biir,
di ñu sut sa baay aw fan.
11 Kàddu yi la Yàlla di mas-sawoo da laa
doyul?
Boole ci li ñu lay waxe teeyug bakkan?
12 Ana looy waxe xol,
di saxaaral kanam nii?
13 Ngay sippi Yàlla sa mer,
di ko wax lu mel nii!
14 Ana nit ku mana jub xocc?
Ana ku laab ku jigéen jur?
15 Yàlla wóoluwul sax ñu sellam ña ca
asamaan,
te asamaan sellul ba doy ko,
16 rawatina nit, moom mi jara seexlu, yàqu
jikko,
di def njubadi ni ndoxum naan.

17 Déglu ma, ma wax la,
xamal la li ma gis,
18 muy lu ñu rafet xel ñi jottali,
jële ko ca seeni maam, te làquñu ko.
19 Ñoom, seeni maam doŋŋ a jagoo woon
réew mi,
ba leen doxandéem raxaguloon.
20 Bésoo bés ku bon ay bittarñikoo biir
njàqare,
te diirub at yi ñu àppal ku néeg,
21 coowal musiba mooy buur nopp ya,
yàqkat bette ko biir jàmm.
22 Dootul yaakaara mucc musiba,
saamar a koy yoot,
23 muy taxawaalu, tan ya mujj xontoo,
mu xam ne bésub safaan taxaw na.
24 Njàqareek tiitaangee koy ëlëm,
song ko ni buur bu jekku xare.
25 Moo xàcc loxoom jëme ci Yàlla,
di jaay Aji Man ji njàmbaar,
26 daŋŋiiral, buur, wuti ko,
yiiroo dëllaayu pakkam,
27 te fekk ko yaflu ba gët suulu,
pooj ya duuf bay lob-lobi.
28 Ku ni mel ay dëkke dëkk yu gental,
ci kër yu kenn dul dëkke,
kër yu nara doon jali tojit.
29 Ku bon kooku du woomle, alalam du
toog,
te koomam du lawe miim réew.
30 Du mucc musiba,
mooy garab gu daay xoyom car yu yees ya,
Yàlla wal, mu ne mes.
31 Bumu yaakaar naxi neen, di nax
boppam,
nde neen ay doon ab añam.
32 Balaa jantam a lang mu jot añam,
te caram dootul naat.
33 Day mel ni reseñ gu doom yay yolax,
mbaa oliw gu tóor-tóor yay ruus.
34 Waa làngu yéefar yi duñu am kuutaay,
te xaymay ñiy lekk ger la sawara di
xoyom.
35 Ñooy sos joote, di wasin ñaawtéef,
ñoom la seen biir di ëmb wuruj.

## 16

### *Ayóoba gisatul yaakaar*

1 Ayóoba àddu ne:
2 Kàddu yu mel nii, dégg naa ko lu bare.
Dëfalkati yokk joote yi ngeen doon, yeen
ñépp!

3 Sa waxi ngelaw yii da dul jeex?
Ana lu la cuq, ba ngay wax rekk?
4 Su ngeen doon man, may yeen,
kon it ma mana wax ni yeen,
tuur leen baati tuuma,
wëcc leen bopp.
5 Waaye su doon man, ma wax ak yeen, ba dëfal leen,
mas-sawu leen, ba ngeen giif.

6 Waaye su ma waxee, mitit du giif;
su ma noppee, du tax mu sore.
7 Yàlla kay a jeexal sama doole,
tas sama gàngoor.
8 Moo ma jàpp, semmal ma;
samab jeexaay seedeel ma tuuma.
9 Meram la ma daggatee, jéppi ma,
di yéyu ci sama kaw,
daasal ma gëti noon, ne ma jàkk.
10 Nit ñaa ngi ŋa ŋàpp fi sama kaw,
sewal ma, di ma talaata,
dajaloo, sam ma.
11 Yàlla da maa wacce ab kàccoor,
rattax ma ci loxoy ñu bon ñi.
12 Féexoon naa, mu falaxe ma;
sëq sama ndodd, rajaxe ma,
def ma diirukaayam,
13 ay fittkatam gaw ma,
mu di ma butti te yërëmul,
di tuur sama sébbriit fi suuf.
14 Mooy buur ni xarekat fi sama kaw,
di ma jamat.
15 Ab saaku laa ñaw, taqoo,
torox, ne dett fi suuf.
16 Sama kanam a ngi xonq curr aki jooy,
sama mbari bët bàddoo lëndëm.
17 Moona saay loxo jëfewul coxor,
te samag ñaan lal na worma.

18 Suufoo, bul làq sama deret ji tuuru,
te yal na sama yuux jollee fu af.
19 Ma ne, tey fi tey, am naa ab seede kaw asamaan,
sama seede kay a nga fa kaw.
20 Samay xarit ñoo may kókkali,
waaye Yàlla laay tinu, ba sama bët di xelliy rongooñ.
21 Na ab seede layool nit fa Yàlla,
ni doom aadama di layool moroom ma fi kaw suuf!
22 At yu néew déy a ci des,
ma dem yoon wu ma dul délsi.

# 17

1 Sama xol jeex,
samay fan tàggoo,
bàmmeel di ma xaar.
2 Fu ma jublu ñu di ma ree,
di ma ñaawal, may gis.

3 Ngalla Yàlla, gàddul mab daan sama digg ak yaw;
su dul yaw, ana ku may gàddu?
4 Yaa fatt xelu ñii,
kon nag bu leen may ndam.
5 Nee ñu, ku njariñ tax nga wor xarit,
say doom a cay loru.
6 Man la nit ñi def léebukaay,
di ma tifli ci kanam.
7 Naqar tax na saay gët giim,
saa cér yépp jeex ba mel ni takkndeer.
8 Ku jub a ngii jommi ci lii ma dal,
ku dul tooñ a ngi xabtalu fi kaw yéefar yi.
9 Waaye aji jub a ngi topp yoonam,
boroom loxo yu set a ngi gëna am kàttan.
10 Waaye yeen ñépp, waxaatleen, ma dégg,
boroom xel daal duma ko gis ci seen biir!
11 Samay fan wéy na,
mébét yàqu,
yaakaar yàkki.
12 Ñii guddi lañu def bëccëg,
naan leer sorewul, te lëndëm teew.
13 Ndegam kërug njaniiw laa yaakaarati,
te biir lëndëm laa nara tëri,
14 ndegam maa naa paxum yàqute ma: «Yaay sama baay!»
naa saxu bàmmeel: «Yaay bóoy!» mbaa «Jigéen sama!»
15 Kon ana sama yaakaar?
Ana ku gisati sama yaakaar?
16 Xanaa day ànd ak man tàbbi bàmmeel,
nu bokk tëraayu pënd.

# 18

*Bildàdd buurati na*

1 Bildàdd mu Suwa àddu, ne:
2 Xanaa dungeen noppi mukk?
Àndleen ak xel, nu wax.
3 Ndax ay mala lañu nu teg daal,
def nu ay naataxóona?
4 Yaw nag yaa topp sa mer ba loru!
Ayóobaa, àddina day gental ngir yaw a?
Am aw doj ay toxal boppam ngir yaw?

5 Ku bon kay lag leeram di fey,
te taalam du jolli.
6 Xaymaam day lëndëm,
làmpam ba ko tiim ne kamaj.
7 Bu daa waaxu démb, di temp tey,
ay mébétam di ko mbas.
8 Moo dox ba tàbbi cib caax,
wëndeeloo biir mbaal,
9 tànk ba téqtaloog fiir,
ab racctal ne ko ràtt.
10 Buum ga koy lonk a nga suulu,
am yeer di ko xaare aw ñall.
11 Lu ragloo koy darey mbetteel,
ne ko dann.
12 Mooy xiif ba doole réer ko,
musiba taxaw, xejjoo ko.
13 Jàngoro di ko ŋacc,
woppi dee di lekk cér ya.
14 Ku bon lees di ñoddee fa jàmmi xaymaam,
diri ko ba fa kanam buuru musiba yi,
15 manees naa dëkke xaymaam, moomatu ko,
tamarax lees fay suy.
16 Ku bon mooy garab gu dee kaw ak suuf,
reen wow, xob lax.
17 Turam tukkee kaw suuf,
ba deesatu ko tuddem pénc.
18 Dees koy bëmëxeg leer, tàbbal lëndëm,
dàqe ko àddina.
19 Du doom, du askan wu muy waccey bokkam,
te kenn du desey dalam.
20 Waa sowu jommi cig mujam,
waa penku di rasu naa:
21 «Dalub kàccoor déy, lee di mujam,
ku faalewul Yàlla, nii la màkkaanam!»

# 19

## *Yàllaa may jot*

1 Ayóoba àddu ne:
2 Dungeen ma noppee xañ jàmmi bakkan,
di ma sëf wax ju dul jeex?
3 Fukki yoon a ngii ngeen di ma saaga,
te rusuleen maa sonal.
4 Su ma moyoon dëgg sax,
maay bokk ak sama moy fanaan.
5 Defe ngeen ne yeena ma gën,
ba di ma sikke musiba mii ma dal?
6 Waaye xamleen ne Yàllaa ma tooñ,
ab caaxam a ma dar kepp.
7 May woote wall, wuyeesu ma,
ma ñaan ndimbal, àtteesu ma.
8 Manumaa jàll, Yàllaa fatt sama yoon,
lëndëmal samay jaaruwaay,
9 sàggi sama sag,
foq sama kaala,
10 tojat ma wetoo wet ba ma tàggoo,
déjjati sama yaakaar ni garab,
11 jafalal mam sànjam,
boole ma ciy noonam,
12 ay gàngooram dikkandoo,
yékkatiy jal, gawe ma,
dal fi wër sama xayma.

13 Samay bokk, mu soreleek man,
samay xame sax ñooru ma.
14 Jegeñaale ba ma,
xame fàtte ma,
15 sama gani démb def ma ni jàmbur tey,
samay mbindaan it noonu,
ñu def ma ni doxandéem.
16 Su ma doon woo sama surga, ba di ko tinu sax,
da may tanqamlu.
17 Sama xetu gémmiñ dàq na sama jabar,
sama doomi ndey sax seexlu ma.
18 Gone yi sax a ngi may sewal,
su ma jógee di dem, ñu di ma baatal.
19 Sama wóllërey démb yépp a ma seexlu,
ma sopp leen, tey ñu dëddu ma.
20 Der aki yax laa dese,
daanaka dee naa.

21 Yërmandee, yërmande, yeen samay xarit,
Yàllaa xàcc, dal ci sama kaw!
22 Lu ngeen ma toŋale nii ni Yàlla?
Xanaa yàppuleen ma, ba suur?
23 Éy su samay kàddu tënku woon ci mbind!
Éy su ñu manoona xacc mbind ma cib téere,
24 xacce ko xalimag weñ ak betteex
mu ñaase fàww ciw doj!

25 Waaye man xam naa ne sama Jotkat a ngi dund,
te mooy mujje taxaw fi kaw suuf.
26 Bu sama der bi lekkoo sax,
du tee ma dese suux wu ma xoole Yàlla,
27 xoolal ko sama bopp,
te du doon sama gan.
Maaka namm lii ci sama xol!

28 Yeena ngi naan: «Ana nu nu koy toŋale,
ba am lay wu ko tiiñal?»
29 Ragalleen saamar!
Seen xadar jii ñaawtéef la, saamar ay
àtteem,
xamleen ne àtte am na.

# 20

## *Cofar nee: Ku musiba dab, yaa tooñ*

1 Cofar mu Naama àddu ne:
2 Kon ma àddooti ndax jaaxle,
ba xol jallaañoo.
3 Dégg naa kàddug yedde gi nga may
saagaa,
waaye samam xel a ma déey sa tont.

4 Xanaa xamoo lii? La dale ca cosaan,
ba nit tegoo kaw suuf ba tey,
5 xamoo ne ku bon, ag sarxolleem àggul
fenn,
te bànneexu yéefar yàggul?
6 Bu màggoon ba tollook asamaan it,
ba bopp ba àkki fa kaw-a-kaw,
7 day mujj seey fàww niy jonkanam;
ña ko daa gis naa: «Ana mu?»
8 Kenn du ko gisati, day réer ni gént,
mbaa njeneeru guddi ju dàqu, wéy.
9 Bët bu ko gisoon du ko tóllanti,
dëkkuwaayam dootu ko séen,
10 ay doomam ay dàmp néew-ji-doole yi,
ba delloo seen alal.
11 Mooy ànd ak dooley ndawam,
tëri biir bàmmeel.
12 Lu bon la daa tàqamtikoo,
log ko, làq ca suufu làmmiñ wa,
13 di ko siiramtal te du ko wacc,
xanaa taf ko ca digg denqleñ ma.
14 Waaye la muy lekk ay soppiku ca
biiram,
doon daŋaru ñàngóor ca butit ya.
15 Moo dërëxoon alal, moo koy goqi,
ca biiram la ko Yàlla di yuree.
16 Ndeke tookey ñàngóor la muucu,
mu rey ko ni mat-matu saamaan.
17 Yàlla bumu niir wali dex
ak waltani lem ak soow.
18 Dina delloo lu mu amoon, du ko warax;
te alali jula, du ko jariñoo.
19 Moo dëggaate néew-ji-doole, dëddu ko;
aakimoo kër jàmbur te tabaxu ko.
20 Biir ba du wéet,
lu mu xemmem, du rëcc.
21 Dara du rëcc ab kollam,
moo tax xéewalam du toog.
22 Fa mu regge lay jàqe,
mépp musiba këppu ci kawam.
23 Ba muy sol kollam
la ko Yàlla di yónnee tàngooru sànjam,
tawal ko ko lu fees déqam.
24 Mu daw ngànnaayu weñ,
fittu xànjar bëtt ko,
25 jam ko ba fëll,
cat la bëtt xol ba, di melax fa mu sare,
tiitaangey dee ne ko taral.
26 Mboolem lëndëm a làqu di ko xaar,
te sawara wu loxo jafalul a koy xoyom,
lakkaale lu desoon ca xaymaam.
27 Asamaan ay weer ñaawtéefam,
suuf jóg, seedeel ko tuuma.
28 Koomum këram day tukki, ne mes,
keroog sànjum Yàlla ma.
29 Lii moo di wàllu nit ku bon, fa Yàlla,
muy cér bu ko Yàlla dogalal.

# 21

## *Ayóoba weddi na àlluway xarit ya*

1 Ayóoba àddu ne:
2 Dégluleen maa, dégluleen sama baat,
te mas-sawoo ma seenug teewlu.
3 Muñalleen ma boog, ma wax, man,
balaa nit a reeti.
4 Sama tawat lii, da di maak nit a?
Gannaaw du nit, ana lu ma tee xàddi?
5 Geesuleen ma, waaru,
ba loxo ub gémmiñ.
6 Su ma ko xalaatee, damay tiit,
di kat-kati.

7 Lu tax ku bon di dund,
bay magal sax, di ànd ak doole?
8 Doomam day toog, mu fekke,
bay xool ay sëtam,
9 këram nekke jàmm, mucc safaan,
te yetu Yàlla du ko dal.
10 Ku bon, yëkkam day tëb te du moy,
nagam di jur te du xàcc.
11 Day gis ay xaleem di bajantu,
goneem yépp di tëbantu.
12 Day xaacoondookum tëgg aki xalam,
di bége baatub toxoro,
13 Ku bon ay matal ay fanam ci biir
teraanga,
doora jekki wàcci njaniiw.

14 Moona kee noon Yàlla: «Xiddi ma!
Xam saw yoon soxalu ma.
15 Ana kuy Aji Man ji sax, ba ma di ko jaamu?
Su ma ko tinoo, ana lu mu may jariñ?»
16 Kii xanaa du teraangaam a ngi ciy loxoom?
Ndaxam taxul ma roy ko fenn!
17 Ku bon, ana fu ag xuyyam kamaje?
Fu ko musiba dikkale?
Fu Yàlla mere, ba sédd ko safaan?

18 Ana fu ku bon mele nim ñax mu ngelaw wal,
mbaa mboob mu callweer yóbbu?
19 Ngeen ne, «Ku bon daal ay tooñ, Yàlla dencal doomam añ ba.»
Ki tooñ kay, na ko fey, mu xam,
20 gisal boppam sànkuteem,
ba jolu merum Aji Man ji!
21 Ana luy yoonu ku bon ci waa këram, gannaawam,
te fekk limu fanam jeex?
22 Ana kuy jàngal Yàlla xam-xam,
moom miy àtte ñu kawe ña?
23 Kii a ngi deewaale dooleem,
xel ma dal, tiitul dara,
24 yaram wa niin,
yax ya naat.
25 Kee deewe naqaru xol,
masula ñam bànneex,
26 te ñooy tëddandoo biir suuf,
bokk sàngooy sax.

27 Mu ngoog! Maaka xam li ngeen foog,
te di ma ko fexee fitnaale!
28 Ngeen ne: «Ana fu kër kàngam di mujje?
Ana xayma ba ku bon ka dëkke?»
29 Xanaa laajuloo tukkikat yi?
Am gëmuloo seeni seede?
30 Bésub safaan ku bon ay mucc,
bésub mbugal it, mooy raw.
31 Ana kuy janook moom, sikke ko jikkoom?
La mu def, ana ku ko koy fey?
32 Moom de bu deewee, sëg ya lees koy robi,
te bàmmeelam, dees na ko wattu.
33 Liy topp néew ba, day bare,
liy dox jiitu ko wees ab lim,
te suufu xur wa sax da koy sedde.
34 Kon seeni mas-sawu, cóolóoli neen!
Seeni tont, jinigali kese!

# 22

*Elifas nee: Tuub a war Ayóoba*

1 Ba loolu amee Elifas ma cosaanoo
Teman àddu ne:
2 Yàlla, ana lu ko nit mana jariñ?
Xanaa ku xelu jariñ boppam!
3 Ana lu sag njub mana yokk Aji Man ji?
Lu ko sag mucc ayib mana indil?
4 Ndax sag am diine la lay dumaa,
bay àgg ak yaw ci layoo?
5 Xanaa du sag mbon gu réy a la ko yóbbe,
ak say tooñ yu amul kem?
6 Yaa lebal mbokk, aakimoo tayleem ci dara,
bay nangu mbubbam néew-ji-doole, mu ne duŋŋ.
7 Yaa mayul ku mar ndox mu naan,
mbaa nga xañ ku xiif lu mu lekk.
8 Boroom doole jagoo réew mi,
ku ñu beral loxo dëkke.
9 Yaa bàyyi jëtun, mu deme loxoy neen,
tey néewal doole ab jirim.
10 Moo tax ay ndëgg-sërëx di la dar kepp,
musiba jekki ne la taral,
11 mbaa lëndëm gu la teree gis,
mbàmbulaan dikk, mëdd la.
12 Xanaa Yàlla sutul asamaan?
Xoolal biddiiw ya gëna kawe!
13 Nga naa: «Ana lu Yàlla xam?
Ana nu muy àttee ci gii lëndëm gu tar?
14 Niir yee ko làq ba du nu gis,
fa muy doxantoo ca kaw taaxum asamaan!»
15 Xanaa dangaa nara topp ñallu démb
wa nit ñu bon ña ñalloon?
16 Ñoo buube, ne mes te seen àpp jotul,
ni fondmaa bu màbb, wéy nim wal,
17 te ñoo doon wax Yàlla, naan ko: «Xiddi nu!»
Ñii ana lu leen Aji Man ji di def?
18 Moona moo feesaloon seeni kër ay teraanga,
waaye ñu bon ñii, royuma leen fenn.
19 Aji jub ñeey gis sànkutey ñii, bég;
ñu mucc tuuma ñaa leen di kókkali,
20 naan: «Ña nu jógaloon sànkuwuñoo am?
Seen koom a xoyomuwul a?»

21 Jubool ak Yàlla rekk, am jàmm,

ngëneel dikkal la.
22 Nangool ndigal ci làmmiñam,
te dëxëñi kàddoom ci sa biir xol.
23 Dellul ci Aji Man ji rekk, ba taxawaat,
te nga sorele sa xayma njubadi.
24 Tegal wurus ci suuf,
wacce wurusu ngalam doji xur,
25 te Aji Man ji di sa wurus,
di sa jali xaalis.
26 Su boobaa nga bége Aji Man ji,
mana siggi, séentu Yàlla,
27 di ko ñaan, mu di la nangul,
yaw it ngay wàccook say dige,
28 loo dogu, mu sotti,
foo jaare, mu leer,
29 ba bu nit detteeloo, nga yékkati ko,
te ku toroxlu, Yàlla wallu la.
30 Ku ñàkkula tooñ sax, mu xettali la,
te sag ñàkk sikk lees koy xettalee.

# 23

*Ayóoba nee: Yàlla noppi na*

1 Ba loolu amee Ayóoba àddu, ne:
2 Ba tey maa ngi jooy jooy yu metti,
di onk bay ub gémmiñ.
3 Éy bu ma xamoon fa may gise Yàlla,
ba àkki péncam,
4 diis ko sama mbir,
àgge ko lépp lu may tawat,
5 ba xam lu di tontam,
dégg li mu may wax.
6 Ndax dooleem ju bare la may yeye?
Déedéet xanaa! Dina ma teewlu moos,
7 ba ku jub layoo faak moom,
ma daldi mucc sama àttekat fàww.
8 Seet naa wetu penku, Yàlla nekku fa,
ma seet sowu, gisuma ko.
9 Bu jàppee fa wetu bëj-gànnaar, gisuma ko fa,
bu jàllee bëj-saalum, séenuma ko fa.
10 Ndaxam moo xam fi ma jaare,
te bu ma nattoo, ma génn ci ni wurus wu ñu xelli.
11 Tànkam, sama tànk,
yoonam laa tegu, moyuma ko.
12 Dëdduwuma ay santaaneem,
sama biir xol laa denc ay kàddoom.
13 Yàlla de kenn la, ana ku koy waññi?
Coobarey bakkanam lay def.
14 Mooy sottal lu mu ma dogalal,
te bare na lu mu ma nasal.
15 Lee tax su ma janook moom, tiit,
te lu ma gëna xalaat, gën koo ragal.
16 Yàlla daal a rëccal samaw fit,
Aji Man jee ma tiital!
17 Du lëndëm gi ma nekke moo ma wedamal,
du lëndëm gii ma muur.

# 24

*Ayóoba nee: Yàllaa ngi tanqamlu*

1 Lu tee Aji Man ji àppal nit bési mbugal,
ba ku ràññee Aji Sax ji fekke yooyu bésam?

2 Nit a ngi toxal kemu suuf,
nit a ngi sàccug jur, foral leen.
3 Mbaamu jirim, ñu wommat, yóbbu;
nagu jëtun, ñu jël kob tayle.
4 Néew-ji-doole, ñu buuxe ko ciw yoon,
baadoolo yi far bokk làquji.
5 Néew-ji-doole yaa ngii mel niy mbaami àll ci màndiŋ mi,
di fortaatu lu ñu lekk,
àll bu wow bi yor seen xontu njaboot.
6 Tooli jàmbur lañuy góobaani,
di wittaani reseñ ca tóokëri ñu bon ña.
7 Duŋŋ lañuy fanaane ndax rafle,
sàngoo seen der ci sedd bi.
8 Ñooy tawtee tund ya,
di làqoo xunt yu ñu seeloo.

9 Xoncees na jirim ci weenu ndeyam,
jëlees na tayle alalu néew-ji-doole.

10 Duŋŋ lañuy wéye ndax rafle,
biir wéet, ñuy gàdduy sabaar,
11 di nal diwu oliw ci tooli jàmbur,
di dër reseñ ju ñu dul naan.
12 Biir dëkk ba la nit ñay binnee,
ña ñu gaañ di woote wall,
te Yàlla toppul kenn tooñ.
13 Ñee noonoog leer,
faalewuñu yoonu bëccëg
te duñu fa taxawaaloo.
14 Bët di set, bóomkat jóg,
bóom baadoolo bi néew doole,
guddi jot mu dib sàcc.
15 Moykat bu góor a ngi yeeru timis,
fab ndimo, kaalawoo,
naan bët du ko gis.
16 Ñu ngi lëndëmtu, di toj kër yi,
bëccëg ñu tëju,

xamuñug leer.
17 Ñoom ñépp ñuulaayu guddeey seen
bëccëg,
lëndëm gu ne këruus lañu xejjool.

18 Yal nañu wéye walum ndox,
te suuf sa ñu séddoo alku,
ba kenn dootul dëgmal tóokëru reseñ.
19 Yal na maral ak tàngoor ŋiisal seen
ndoxum taw,
te njaniiw mëdd ña bàkkaar.
20 Yal na leen seen ndey sax fàtte,
sax yi muucu leen,
ñu fàtte leen,
ba njubadi déjjatiku ni garab.
21 Ñu ni mel ay lekk alalu jigéen ju tëlee jur,
te duñu baaxe jëtun.
22 Waaye Yàllaa mana dàq boroom doole,
su nee tëll, mu xalaat bakkanam.
23 Moo leen di may ñu wéeroo seen cëslaay,
tey xool fa ñuy jaare.
24 Dañuy jóg, nes tuut ñu ne mes,
wadd, ñu boole for,
ñu daldi lax niy gub.

25 Su dul noonu, ana ku may fenloo?
Ana ku mana neenal samay wax?

# 25

### *Bildàdd nee: Deesul am dëgg fa Yàlla*

1 Bildàdd ma bàyyikoo Suwa àddu, ne:
2 Yàllaa man te mata ragal,
di def jàmm fa kawteem ya.
3 Ay gàngooram limu naam?
Ana ku mu dul jam ceeñeeram?
4 Ana nu nit di ame dëgg fa kanam Yàlla?
Ku jigéen jur, nu mu mana laabe?
5 Xoolal, weer wi sax leerul ba doy ko,
te biddiiw yi it gisul seen sellaayu leer,
6 astamaak nit kii tanewul aw sax,
doom aadama jii gënul gasax.

# 26

### *Ayóoba ne Bildàdd: Yaa mat wall*

1 Ayóoba àddu, ne:
2 Ndaw ndimbal lu réy ci ku néew doole!
Yaaka mana wallu ku amul kàttan!
3 Yaaka mana xelal ku xeluwul
ak xam-xam bu yaa bi nga fi xamle!
4 Ana ci koo jële sa kàddu yii sax?
Ak ku la xelal miim xel?

### *Ayóoba nee: Yàlla kenn xamu ko*

5 Ndem-si-yàlla yaa ngay lox
ca ron ndoxi biir suuf, ñook ña fa
dëkke.
6 Fàŋŋ la njaniiw def fa kanam Yàlla;
du genn kiiraay gu ko làq paxum sànkute.
7 Kee firi asamaan fu dara amul,
sanjamtal suuf fu dara newul.
8 Kee gëndaley ndox ciy xàmbaaram,
te taxul niir wa ñu laloo fàcc.
9 Keey firi aw niiram,
yiire ngànguneem.
10 Kee rëdd digu wërngal fi kaw géej yi,
fa cat la leer ak lëndëm digaloo,
11 kenuy asamaan jaayu,
di jommi ci kàddu yi muy gëddee.
12 Dooleem la mane géej,
manooreem la rajaxee Raxab miy
ninki-nankay géej.
13 Noowam wal, asamaan leer,
loxoom jam jaan jay balaw-balawi.
14 Lii de, mooy lenni jalooreem!
Ndaw ndéey lu tuut lu nu ci déggandeem!
Ana ku mana xam riiru dooleem?

# 27

### *Ayóoba bañ na*

1 Ayóoba yékkateeti baatam, ne:
2 Yàlla miy dund seede na, moom mi ma
xañ dëgg
moom Aji Man ji ma teg naqaru xol,
3 ne li feek may ànd ak bakkan,
di noyyee noowal Yàlla,
4 sama gémmiñ gii du wax njubadi,
sama làmmiñ wii laa ne, du tudd ay fen.
5 Yàlla buma leen jox dëgg,
ba ba may dee duma weddi samag mucc
sikk.
6 Ci sama dëgg laay ŋoy, duma ko ba,
sama giiru dund sama xel du ma yedd.

### *Ayóoba neeti: Yéene néeg la*

7 Yal na noon bokk ak ku bon demin,
ku may fexeel bokk ak kàccoor ag muj.
8 Ana lu yéefar biy yaakaarati bu ko Yàlla
beddee,
ba Yàlla moom bakkanam?
9 Bu ko njàqare di dikkal,
Yàlla day dégg yuuxam a?
10 Ndax Aji Man ji la daan bége,

am daan na tudd Yàlla fu mu tollu?

11 Ma xamal leen boog li ci dooley Yàlla,
duma leen nëbb li Aji Man ji namm.
12 Dama ne, yeen ñépp a ko gisal seen
bopp sax,
kon lu leen yebuloo nii ci neenug neen?

13 Lii mooy cér bi Yàlla sédd ku bon,
mooy wàll wi Aji Man ji dencal ku néeg.
14 Njabootam ne xas, saamar jagoo,
te balaa booba duñu lekk ba suur.
15 Ña koy wuutu, mbas a leen di rey,
te ay jëtunam duñu ko jooy.
16 Su doon jal xaalis ni suuf,
yére yomb ko ni feppi suuf,
17 mooy dajale, aji jub sol;
xaalis ba, ku dul tooñ séddoo.
18 Mooy tabax kër gu tanewul mbaarum
wattukatu tool,
te lëndu jargoñ gën koo dëgër.
19 Keey tëraale alal ju mu dul gisati;
day xippi, fekk mu ne mes.
20 Tiitaangee koy dab nim wal,
ngëlénu guddi këf, yóbbu,
21 ngelawal penku déjjatee ko këram,
jalax, mu wéy.
22 Dees na ko diir, bañ koo ñéeblu,
mu daw, di wuta rëcc dooley saan ya.
23 Dees na ko tacc-taccali loxo,
di ko ciipoo fa këram.

# 28

*Xel mu rafet, fa Yàlla*

1 Xaalis déy am na mbellam,
wurus am bérebu seggukaayam,
2 weñ gu ñuul ci suuf lees ko jële,
te xànjar, ay doj lees di xelli, ba am ko.
3 Dees na taal, dàqug lëndëm,
di gëstu ba fu gëna làqu doji biir lëndëm gu
ne këruus.
4 Nit a ngi gas ay xunt fu soreeki dëkkuwaay,
di sandaamtalooka jaayu fu kenn newul,
te tànk jaarewu fa.
5 Kaw suuf day meññ ab dund,
xóote ya mel ni lu sawara salfaañe.
6 Doj ya ca biir la peri safiir màkkaanoo,
te pëndaxu wurus ñàkku fa.
7 Wii yoon, tan xamu ko,
bëtu jaxaay du ko gis.
8 Rabu àll du fa joggi,
te gaynde sax du fa jaare.
9 Loxol nit ay song doju kekk,
buddi reeni tund, jàllarbi.
10 Ci biir xeer yi lay yattey xunt,
ba bëtam di gis lu cay alal.
11 Nit a ngi dogale wali ndox,
ba lu làqu woon, mu leeral nàññ.

12 Waaye xel mu rafet fees koy jële,
ak fu ag dégg màkkaanoo?
13 Doom aadama xamul njëgam,
te amul biir réewum aji dund ñi.
14 Xóote ya nee: «Xel mu rafet dëkku fi de!»
Géej ne: «Nekku fi de!»
15 Wurus mayewu ko,
xaalis wecciwul njëgam.
16 Deesu ko weccee wurusu ngalam it,
mbaa peri onigsë ak safiir.
17 Deesu ko méngaleek wurus ak
ngën-gi-per yuy tàkk,
te ngën-gi-gànjari wurus wecciwu ko,
18 waxeesuli xor ak yeneen xeeti per;
xel mu rafet a gën per yu gëna jafe,
19 du moroomu peru topaas ba ca réewum
Kuus,
te wurusu ngalam daal wecciwu ko.

20 Xel mu rafet, ana fu mu jóge,
ak fu ag dégg màkkaanoo?
21 Ump na bëtu lépp luy dund;
njanaaw la fa kaw sax gisu ko.
22 Paxum sànkutee ngi àddoondook dee
naan:
«Dégmati nanu ub jëwam de!»
23 Yàllaa ràññee yoon wa jëm xel mu rafet,
te moo xam màkkaanam.
24 Kii daal ay jéer ba fa cati àddina,
di gis mboolem lu asamaan tiim.
25 Ba Yàlla àppalee ngelaw diisaayam,
nattal ndox ab dayoom,
26 ba mu sàkkalee ab taw dogalu yoonam,
sàkkal melax ak dënu aw ñallam,
27 ca la nemmiku xel mu rafet, xamle ko,
samp ko, gëstu ko,
28 daldi ne doom aadama:
«Ragal Boroom bi daal, mooy xel mu rafet,
te dëddu lu bon mooy amug dégg.»

# 29

*Ayóoba jooy na démbam*

1 Ayóoba yékkateeti baatam, ne:

2 Éy ku ma doon delloo jamono ya woon,
fan ya ma Yàlla daa wattoo;
3 ba mu may tiim, di ma niital,
may doxe ag leeram ci biir lëndëm,
4 ba ma tolloo sama digg doole,
te Yàlla xejjoo sama xayma.
5 Booba Aji Man jaa ngeek man ba tey,
sama gone yu góor yéew ma,
6 may jàngoom niw,
seggukaay di ma walal ag diw.
7 Bu ma génnaa ba ca buntu dëkk ba,
digg pénc ma laay jekkasndikoo,
8 waxambaane gis ma, ñooru,
mag ña jóg, taxawal ma,
9 kàngam ne xerem,
ub gémmiñam,
10 garmi ne selaw,
làmmiñam taqoo denqleñam,
11 nopp dégg ma, ndokkeel ma,
bët gis ma, seedeel ma yiw.
12 Néew-ji-doole woote, ma wallu,
boole ci jirim bu tumurànke.
13 Ñaanu ku naroona sànku di ma dal,
may tooyal xolu jëtun.
14 Njekk laa woddoo woon, njekk wodd ma,
te dëgg laa defoon mbubb ak kaala.
15 Silmaxa, maa dooni gëtam;
ab lafañ, ma diy tànkam.
16 Néew-ji-doole, maa doon baayam,
ku ma xamul sax, may seet àqam.
17 Ku jubadi, ma dammi ŋaamam,
foqatee am pàddam cay sellam.

18 Ma noon samay fan dina neexook feppi suuf,
ma doora deewe sama biir njaboot.
19 Ma noon su ma doon garab samay reen fëllem ndox,
ab lay fanaanee faam car ya.
20 Ma noon darajaa may yeesalal nganam,
may gëna daŋalati xala.

21 Man lees daa déglu, di ma xaar;
ne cell, di taataan samam xel.
22 Samay kàddoo leen di dal, genn-genn,
te su ma àddoo ba daaneel, kàddu jeex.
23 Booba lees ma daa séentu nib taw;
ŋa ŋàpp, di nég waamey waxset.
24 Samay ree gëmeesu ko woon,
xanaa ne siiwa gis sama kanam gu leer.
25 Maa jiite woon, di dogal doxalin,
toog toogaayu buur ci biir gàngooram,
te di leen dëfal ci seen naqar.

# 30

*Ayóoba jooy na coono*

1 Tey ñi may diijoo ngii, te ñoo ma féete ndaw,
seeni baay a tekkiwuloon tus,
ba ma siide leena jël, ñuy sàmmandook samay xaj.
2 Ana njariñ lu ñu ma amaloon sax?
Yooyu kooñoor yu jeele?
3 Ñii ndóol, xiif, desey yax,
di ŋeeñaatoo biir àll,
fu lëndëm, gental, maral,
4 di witt ñax mu saxe ciy tan
aka gasi reen, di dunde.
5 Ñooñu lees dàqe fi biir nit ñi,
di leen yuuxoo niy sàcc,
6 ñu dëkkey xur,
ci biiri pax aki doj,
7 di ŋaaxe biir gajj gi,
dankaloo ci ron dég yi.
8 Ñu sew lañu, ñu kenn yégul,
xanaa caw leen, génne réew mi.

9 Tey nag ñoo may woyantoo,
di ma léeboo.

10 Dañu maa seexlu, ñooru ma,
néeg maa serati ci kanam.
11 Yàllaa ma nasaxal, toroxal ma,
ba amatuñook man yemukaay.
12 Mii njurum baadoola mu féete ndijoor, di ma téqtal,
di ma xàllal yooni sànkute.
13 Ñu ngi may dogale, nar maa musibaal,
te soxlawuñu ci ndimbal.
14 Fu yaa lañu bëtte,
buure jali tojit, ne jàyy fi sama kaw.
15 Musiba da maa ëlëm,
sama daraja naaw ni ngelaw,
sama teraanga naaxsaay niw niir.

16 Tey maa ngii sama bakkan di ŋiis,
bési njàqare ne ma taral.
17 Guddi dikk di bënn samay yax, muy rot,
mitit di ŋereñ te du selaw.
18 Kii ne nikk sama mbubb,
ne ràtt sama baatu mbubb,

19 xalab ma ci biir ban bi,
may nirook pënd akub dóomu-taal.
20 Woo naa la wall, wuyuwoo ma,
ma taxaw, nga niir ma.
21 Yaa soppiku, néege ma,
di ma soxoree sa diisaayu loxo.
22 Yaa ma ne siféet, waral ma ngelaw,
pamti-pamtee ma biir ngëlén.
23 Xam naa xéll ne ci dee nga ma jëme,
te mooy kërug ndajem képp kuy dund.

24 Ku sànkule du tàllal loxoo?
Ku musiba dab du woote wall?
25 Moona sama rongooñ a daan tuurul boroom tiis,
sama xol di tiisoo aji ñàkk ji.
26 Lu baax laa yaakaar, lu bon ne jalañ,
leer laa séentu, guddi ne jaas,
27 sama xol lëmbaajoo, tëë dal,
bési naqar dogale ma.
28 Maa ngi wéye ñuulaay bu ma tàngoor tegul,
di taxawe biir ndaje, di woote wall.
29 Damaa mujj bokk ak till,
neexook looy,
30 ñuul, yaram di xub,
tàng, di bax,
31 sama xalam tiisal,
sama toxoro jooy.

# 31

*Ayóoba waat na*

1 Maa jaayanteek samay gët.
Ana nu may xooleb janq?
2 Lu ko moy ana sama cér ca Yàlla ma fa kaw?
Lu ma Aji Man jiy sédde fa kawte ya?
3 Xanaa du safaan a ñeel ku bon,
naqar ñeel ku ñaaw?
4 Du Yàllaa ngi gis fu ma jaare,
di wàññ sama bépp jéego?

5 Ndegam damaa doxe ndëngte,
mbaa ma gaawtoo njublaŋ,
6 na ma Yàlla natte màndaxekaayu dëgg,
ba ràññee samag mat!
7 Ndegam samay tànk a moy yoonu njub,
mbaa sama xol topp saay gët,
mbaa sama loxo yii gàkk fenn,
8 yal naa ji, keneen lekk,
ma jëmbat, ñu buddi.

9 Ndegam jabaru jàmbur a ma xañ sago,
ba ma di ko yeeroo sama buntu kër moroomu góor,
10 yal na sama jabar bojjal keneen,
ñeneen tiim ko.
11 Su ma ko defoon, muy jëfu yàqute,
di moy gu yeyoo pénc,
12 te di sawara wu may xoyom ba ca paxum sànkute ma,
lu ma meññle, mu buubaale.

13 Ndegam maa sofental sama àqu jaam,
bu ñu may jooytu, diy góor mbaa jigéen,
14 bu ci Yàlla jógee, ana nu may def?
Bu ma ko laajee, ana lu ma koy wax?
15 Ki ma sàkk ci sama biiru ndey,
xanaa du moo leen sàkk ñoom itam?
Du kenn kee nu sos ci njurukaay?
16 Damaa masa xañ néew-ji-doole lu muy sàkku,
mbaa ab jëtun wékk ma bët, ma tas yaakaaram?
17 Am damaa masa wéetoo ab dog,
te sédduma ca jirim?
18 Ba may ndaw laa dala yor ab jirim ni baayam;
te ba ma juddoo ci sama ndey laa dala gindi ab jëtun.

19 Ndegam maa seetaan ku rafle nara sànku,
seetaan néew-ji-doole ju amul malaan,
20 te sànguma céram, mu sante ma ko,
di nuggloo ndimo lu ñu ràbbe sama kawari gàtt,
21 ndegam maa xàcc sama loxo jëme cib jirim,
ndax yaakaar kiirlaay ca pénc ma,
22 yal na sama loxo teqalikook sama mbagg,
sama përëg fàqe ci conc li.
23 Mbugalu Yàlla kat laa ciy ragal,
te màggaayam xajul ci man.

24 Ndegam damaa def wurus sama yaakaar,
bay tudde ngën-gi-wurus sama cëslaay;
25 ndegam maa bége sama alal ju bare,
bége koom gu ma sama doole may;
26 ndegam maa masa niir jant beek leeraayam,

mbaa weer wiy daagoo yànjaayam,
27 ba namma làqu, di ci jaamu lenn,
bay fóon sama loxo, wormaale leen;
28 kon ñaawtéef gu yeyoo àtte lay doon,
nde kon ma weddi Yàlla ma fa kaw.

29 Ndegam maa bége musibay bañ,
mbaa ma bellaxndikoo loraange ju ko dab,
30 te bàkkaarewuma sama làmmiñ sax,
ba di ci ñaanal noon alkànde;
31 ndegam du samay bokk a ma seedeel ne:
«Ana ku mu leelul ndawal ba mu regg?»
32 Te biti, masumaa wacc doxandéem di fa fanaan,
sama bunt laay ubbil ku nekk ciw yoon.

33 Ndegam maa roy nit ñi, di nëbb samay tooñ,
di nëpp-nëppal sama sikkaange,
34 ragaluma jëwu àddina de,
tiituma mbooloo mu ma nawloodi it,
ba ne cell baña génn sama buntu kër.

35 Ma ne éy ku may may nopp?
Sama torloo ngoog, na ma Aji Man ji tontu!
Su dee téereb tuuma bu ma ku may layool bindal,
36 maa koy gàddu, kaalawoo.
37 Maay limal Yàlla jéego bu ma séqi,
di taxawi fa kanamam taxawaayu garmi.

38 Ndegam sama tool a ma tuumaale ay jooy,
rongooñi toobo yay bas-baseendoo,
39 ndegam maa lekk lu ca ñor, te dikkewuma dara,
ba xañ bakkan ña ma ko beyaloon,
40 kon yal na ay dég wuutu bele ba,
ñax mu bon wuutu lors ba.

Fii la kàdduy Ayóoba yem.

# 32

*Ndaw nee na, mooy tontu mag*

1 Fa la ñetti góor ñooña noppee tontu
Ayóoba, ndax la Ayóoba gis njekkam.
2 Ba loolu amee Eliyu doomu Barakel
ma askanoo ci Buus, bokk ci làngu Ram
daa mer ba futt ca la Ayóoba dëggal
boppam fi kanam Yàlla,
3 ak la ñetti xariti Ayóoba ya ñàkk lu ñu
ko tontu, ba tax ñu teg Yàlla tooñ.
4 Eliyu nag moo mujjoona wax ak
Ayóoba, ndax moo féete ndaw ñett ña.
5 Mu gis ne ñetti góor ña amatuñu tont,
xol ba sot, mu mer ba futt.
6 Ca la Eliyu doomu Barakel waa Buus
ba, àddu ne:
Man de damay ndaw, ngeen diy mag,
ba tax may teeylu,
ragal leena biralal sama xam-xam.
7 Ma noon: «Na yàgga-dund wax,
na dund-jópp xamle xel mu rafet.»
8 Ndeke xel mi ci nit
mooy noowal Aji Man ji koy may dég-dég.
9 Gudd fan taxula rafet xel,
te di mag taxula xam yoon.
10 Moo tax ma ne: «Déglu ma;
man it ma biral sama xam-xam.»
11 Dama ne, négandiku naa seeni kàddu,
teewlu seeni déggin,
ba ngeen di jeexi tont ba tey.
12 Yeen laa doon teewlu,
te kat kenn ci yeen yeyu ci Baay Ayóoba,
kenn joxu ko tontam.
13 Buleen ma ne: «Xel mu rafet mi nu ci gis moo di:
Yàllaa ko mana tiiñal waaye du nit.»
14 Du man la Baay Ayóoba jëme kàddoom,
kon du seeni wax laa koy tontoo.

15 Ñii kat jommi nañu, waxatuñu;
ba kàddu dëddu leen!
16 Dama leen di xaar te waxuñu,
xanaa taxaw, tontootuñu?
17 Damay tontu sama wàll, man it;
damay biral sama xam-xam, man it kay!
18 Sama dënn a fees aki wax,
te samam xel xiir ma ci wax.
19 Sama xol baa ngii mel ni lu sol biiñ, ube ràpp,
mbete mbuus mu yees mu nara fàcc.
20 Naa wax boog, ba féex,
naa àddu, ba tontu.
21 Duma ci am xejj ak seen,
te duma jay kenn.
22 Xawma sax nu ñuy jaye,
su ma ko defoon, Ki ma sàkk gaaw ma fee jële.

# 33

1 Léegi Baay Ayóoba, ngalla déglul samay wax
te teewlu sama kàddu yépp.
2 Xaaral, ma àddu boog,
ba sama làmmiñ tudd li may bëgga wax.
3 Xel mu dëggu laay waxe,
samay kàddu di xam-xam bu wóor.
4 Ngelawal Yàllaa ma sos,
noowal Aji Man ji daal a ma may bakkan.
5 Soo manee, tontu ma;
defarul, janook man.
6 Maa ngii, yem ak yaw fa Yàlla;
ci ban lañu ma mooñe man itam.
7 Du sama ñàngaay bu lay tiital,
du sama daraja ju la diis.

*Yàlla du moroom*

8 Yaa wax déy, ma dégg,
te dégg naa bu baax say kàddu.
9 Nga ne: «Set laa def, tooñuma;
mucc ayib laa def, ñaawuma fenn.
10 Waaye Yàllaa ngii di ma wuta taqal,
def ma ab noonam,
11 jéng ma,
di xool fépp fu ma jaare.»
12 Foofu déy, moy nga dëgg, ma wax la ko,
Yàllaa sut doom aadama.
13 Ana loo koy sikke,
naan du layoo lenn ci mboolemi jëfam?

*Yàlla dina wax ciy gént*

14 Yàlla déy, dees koo teewluwul,
waaye day wax benn yoon ba ñaar
15 ci biir peeñum géntu guddi,
fa nelaw dabe nit,
ba mu yàndoore kaw lalam.
16 Mu ne ko rukk ndéey,
boole kook màndarga, artoo ko ko,
17 ngir dëdduloo doom aadama ji ay jëfam,
musal jàmbaar cig réy,
18 sorale bakkanam pax,
ba ab xeej du ko bóom*.

*Eliyu nee: Mitit ndéey la*

19 Nit dina mbugaloo mitit wu ko tëral,
muy kat-kati rekk.
20 Day bañ dugub,
seexlu ñam wu ko gënoona neex,
21 jeex tàkk bay réer aka feeñ,
yaxam ya ne fàŋŋ te sàngu woon,
22 dundam dëgmal dee,
bakkanam di jegeji pax.

*Eliyu nee: Njotlaay du ñàkk*

23 Waaye su nit ki amee malaakam àttekat,
nay kenn sax ci junniy malaaka,
ngir xamal nit ki li ko war,
24 da koy baaxe, daldi ne Yàlla:
«Musal ko ba du wàccagum biir pax.
Maa ngeek njotlaayam.»
25 Yaram wa jotaat tooyaayu ndaw,
mu amaat dooley ngoneem;
26 bu ñaanee Yàlla, mu nangul ko,
geesu ko, mu sarxolle,
nde Yàllaay fey nit njekkam,
27 nit ki seedeeli ko ca nit ña, ne:
«Maa bàkkaar, maa xëtt njub,
te feyeesu ma ko sax!
28 Yàllaa ma jot ba jàlluma, jëm pax,
xanaa dellu di gisug leer.»

29 Lii lépp déy, la Yàlla di def,
mook nit ñaari yoon ba ñett,
30 ngir sorale bakkanam pax,
bàyyee ko leeraangey àddina.
31 Baay Ayóoba, teewlul, déglu ma,
neel cell, ma wax la, man.
32 Soo amee lenn loo wax, àddul;
waxal, ngir bëgg naa laa dëggal.
33 Lu ko moy nag, yaa may déglu,
ne cell, ma jàngal la xam-xam.

# 34

*Eliyu nee: Ayóoba moy na dëgg*

1 Eliyu dellu ne:
2 Yeen ñi xelu, dégluleen samay wax,
yeen ñi xam, teewluleen ma.
3 Purux déy ay mosu ñam,
nopp natt kàddu.
4 Kon nan ànd seet li dëggu
te bokk ràññee li baax.
5 Baay Ayóoba kat nee moo yey,
Yàlla xañ ko dëggam.
6 Mu am dëgg, ñu ne moo fen,
tooñul, mu jam ko fittu dee.
7 Ana ku mel ni Baay Ayóoba mii,
di ñaawle ni muy naanem ndox,
8 di àndandook ñiy def lu ñaaw,
di lëngook nit ñu bon ñi,

* **33.18** Manees na koo jànge nii itam: *ba du jàllagum dexu dee.*

9 te naa: «Nit ki seet bànneexu Yàlla,
ana lu mu koy jariñ?»

### *Yàlla du def lu bon*

10 Kon yeen niti xel ñee, dégluleen ma,
Yàlla jegewul fenn mbon!
Aji Man ji jegewul mukk njubadi!
11 Jëfu doom aadama ji daal, moom la koy fey;
na nit kiy jëfe rekk la koy yoole.
12 Li wóor mooy Yàlla du def lu bon,
Aji Man ji du jalgati yoon.
13 Ana ku ko dénk kilifteefu dun bi?
Ana ku ko yen àddina wërngal këpp?
14 Bu ci Yàlla yebu woon,
ba roccim xelam ak noowam,
15 bépp boroom bakkan ay bokk ne lasiim,
doom aadama dellu di pëndub suuf.

### *Yàlla amul par-parloo*

16 Ndegam am nga ag dégg, déggal lii,
teewlul sama kàddu gii.
17 Manees naa jiite te bañ njub?
Am dangay sikkal ki njubam matale?
18 Kii moo naan buur: «Yaa sew!»
naa garmi: «Yaa bon!»
19 Kii du far kàngam,
du teg ku am ci kaw ku ñàkk,
ndax ñoom ñaar la boole sàkk.
20 Nes tuut, dee dikke xaaju guddi,
mbooloo fippu, kàngam ya ne mes,
boroom doole sànku, te loxo laalu ko.
21 Yàlla déy a ngi ne jàkk ci jaar-jaari nit ki,
di xool bépp jéegoom.
22 Du fenn fu lëndëm mbaa fu ne këruus,
fu kuy def lu ñaaw mana làqoo.
23 Yàlla daal, soxlawula liñbat nit ki,
bala mu koy woo cib àtte.
24 Mooy rajaxe boroom doole te du laajte,
daldi fal keneen mu wuutu ko.
25 Moo ràññee moos jëfi boroom doole,
ba jàllarbi ko genn guddi, mu rajaxoo.
26 Moo koy dóore fu ne fàŋŋ,
ni ñuy dóore ku bon.
27 Li ko waral di boroom doolee dëddu Yàlla,
sofental mboolem digley yoonam,
28 ba yuuxi baadoola yi àgg fa moom,
mu dégg yuuxi néew-ji-doole ya.
29 Bu Yàlla nee cell, ana ku koy ŋàññ?
Bu làqee kanamam, ana ku koy niir?
Xeet yeek nit ñi la boole tiim,
30 ngir yéefar bi baña falu,
bay tàbbal aw xeet ciy fiir.

### *Eliyu nee: Kàdduy Ayóoba du xel*

31 Su nit ki nee Yàlla:
«Jot naa samab añ, dootuma bàkkaar.
32 Won ma sama tooñ yi ma gisul.
Su ma defee lu ñaaw, dootuma ko def!»
33 Kooku, Yàlla dina ko mbugal a?
Lu ciy sa xalaat, yaw miy diiŋat,
gannaaw yaay seet te du maay seet?
Waxal boog, loo ci xam!
34 Niti xel ñi dinañu wax,
ñook ku rafet xel ku may déglu,
35 ne ma: «Ayóoba mii waxewul xam-xam,
te kàddoom yi du xel.»
36 Kon na àtteb Baay Ayóoba mii mat sëkk,
ndax tontam bokk na ci tontu nit ñu bon ñi.
37 Moo bàkkaar, doyatul muy diiŋat,
di werante ci sunu biir,
di kebetu ci kaw Yàlla.

## 35

1 Eliyu dellu ne:
2 Defe nga ne lii yoon la?
Nga ne: «Maa am dëgg fi kanam Yàlla,»
3 te naan ko: «Ana lu ma ci soxal man,
ak lu ma ñàkka bàkkaar di jariñ?»
4 Man mii nag maa lay tontu,
yaak say xarit.
5 Séentul asamaan te xool,
niiral niir yii la tiim!
6 Soo bàkkaaree, lu muy wàññi Yàlla?
Man ngaa tooñ, tooñati ba def ko dara?
7 Ana njub goo def ba may ko lenn,
ak lu muy jële sax ci say loxo?
8 Sag mbon, sa moroomu nit lay lor,
sag njub it doom aadama ni yaw lay jariñ.
9 Nooteel law na ba nit ñiy yuuxu,
di woote ku leen wallu ci loxol boroom doole.
10 Waaye kenn du ci ne: «Wóoy ana Yàlla mi ma sàkk,
kiy fentloo woyi cant ci biir guddi,
11 di nu xamal lu rabu àll xamul?
di nu may xel mu njanaaw amul?»
12 Bu nit ñu bon ñiy woote wall, du wuyu
ngir seenug réy.
13 Neen lañuy woote, ndax Yàlla du leen déglu,
Aji Man ji du leen faale.

14 Kon ngalla yaw mi ne gisoo ko,
te ne diis nga ko sa mbir, di ko xaar.
15 Nga neeti Yàlla du mer, di mbugale,
te yoonam newul ci njubadiy nit.
16 Ayóoba mii de, cóolóolu neen lay wax,
mbel-mbel ju àndul ak xam-xam.

# 36

*Eliyu nee: Coonoy àddina am njàng la*

1 Eliyu dellu ne:
2 Négal tuuti, ma xamal la;
ay kàddoo ngeeti yu may waxal Yàlla.
3 Fu xóot laay jukkee sama xam-xam,
ba delloo dëgg Ki ma sàkk.
4 Sikk déy, nekkul ci li ma lay wax;
ku buural xam-xam a janook yaw nii!
5 Dama ne, Yàllaa màgg te du jalaxe,
moo màgg te réyum xel.
6 Du ba ku bon, mu dund,
te mooy jox néew-ji-doole àqam.
7 Du noppee xool aji jub ñi,
xanaa di leen dëj ci jali buur yi,
saxal seen toogaay, màggal leen.
8 Bu ñu demee ba ñu jéng leen,
mbaa buumi njàqare ŋodaar leen,
9 Yàllaa leen koy artoo ci seeni jëf,
seen tooñi reewande.
10 Da leen di dégtal ndigal,
ne leen ñu dëddu ñaawtéef.
11 Su ñu ko dégloo, déggal ko,
jeexale bés yu rafet,
mujje ati bànneex.
12 Su ñu dégluwul, jàlli dexu dee,
faatu ndax xamadi.
13 Ab yéefar day denc mer,
te mbugal du tax mu woote wall.
14 Ku ni mel ay deewe ndaw,
ay fanam jeexe biir gàcce.
15 Yàllaay wallu boroom tiis ciw tiisam,
di tege coono, ba ñu déglu ko.
16 Moom it moo lay xettali ci njàqare,
weccee la ko fu yaa fu la dara xatalul,
taajal la ñam wu duun te niin.
17 Waaye añu ku bon duunal na la,
dëgg ak yoon ne la taral.
18 Bu la kenn xiirtale alal,
te bu la ger bu réy jengloo.
19 Kon déy doo yuuxu ba mucc ci njàqare,
kër-këreek doole it du la ca génne.
20 Bul yàkkamti guddi;
ca law xeet di jekki buuboo seenum réew.
21 Moytula walbatiku di def ñaawtéef,
moo tax nattu dikkal la.

*Yàlla mooy Buur*

22 Yàlla, kay, mooy ki dooleem kaweel!
Ana ku mana jàngale ni moom?
23 Ana ku ko masa rëddal yoonam?
Ak ku ko ne: «Def nga
naka-su-dul-noonu?»
24 Bul di fàttee màggal jëfam,
yi ko nit ñiy woye.
25 Mboolem doom aadama gis na ko;
nitoo nit séene ko fu sore.
26 Yàlla kay, daa màgg ba wees xam-xam,
te ay atam, deesul xayma lim ba.
27 Keey ñoddi toqi ndox,
mu defub lay, tawal,
28 niir yi sotti,
baawaanal doom aadama.
29 Ana ku xam ni aw xiin di firikoo,
ba dënu fettaxe xaymab Yàlla ba?
30 Keey taal melaxam, mu dajal asamaan,
sàng xóotey géej.
31 Noonu lay saytoo xeet yi,
ba maye ñam wu ne gàññ.
32 Ñaari loxoom lay ŋëbe melax gi,
dalal ko fa mu ko sant,
33 kàddu yéene ab taw,
jur gi yég ne mu ngi dikk.

# 37

1 Lii déy a rëccal sama fit,
muy tëf-tëfee fa mu sax.
2 Dégluleen a déglu dënoom gayràndaŋ,
kàddu gay rëkke fa gémmiñam,
3 muy riiral fépp fu asamaan tiim,
di fettaxal melaxam ba cati àddina.
4 Ca lay yëmmu,
dënoo kàddoom gu màgg,
te dootul téye melax yi,
li feek baatam di jib.
5 Yàllaay dënu kéemtaan,
di def kiraama yu nu wees.
6 Kee naan tawub yuur mu sóobal suuf,
di yebal taw ba ci waame yiy sóobe doole,
7 daldi téye loxol képp ku doon liggéey,
ngir képp ku mu sàkk xam jëfam;
8 Rabu àll duggi biir xuntam,
goori biir paxam,
9 ngëlén bawoo néegam,
sedd ba tukkee fa ngelawi bëj-gànnaar.

10 Yàllaay nokki, ndox mi soppi galaas,
wali ndox rasu, ne kekk.
11 Keey sëf xàmbaar, mu guux,
keey tasaare niir yi làmboo melaxam,
12 ñu jargandalu ci ndigalam
di fexee sottal mboolem santaaneem
ci kaw àddina wërngal këpp,
13 mu mel ni yet wu muy bantale waa àddinaam,
mbaa mu firndeele leen ko ngoram.
14 Yaw Baay Ayóoba, teewlul lii,
neel tekk te jàngat kéemaani Yàlla yi.
15 Dangaa xam nu Yàlla di sosey niiram,
ba melaxal melax gi ci niiram?
16 Dangaa xam nu niir yiy ajoo ci jaww ji,
kiraamay ku buural xam-xam a ngoog!
17 Yaw mi say yére di tàng,
bu ngelawu bëj-saalum di upp, suuf ne tekk,
18 ndax yaa ko lalle woon déndub asamaan,
mu dëgër ni weñ gu ñu xelli?
19 Xamal nu boog lu nuy wax Yàlla!
Dunu mana lay ndax ñàkka xam.
20 Ndax dees koy yégal ne maay waaja wax?
Ana nit kuy ñaan sànkutey boppam?
21 Kenn manula xool jant bu ne ràññ,
gannaaw bu ngelaw walee niir yi ba mu set.
22 Bëj-gànnaar la leeru wurus di dikke,
booba Yàllaa làmboo darajaam ju raglu.
23 Aji Man ji nu dul daj daa bare doole,
dëggu, di boroom njub, du noote.
24 Moo tax ñu ragal ko,
faalewul kenn ku nawum xelam.

# 38

## *Aji Sax ji àddu na*

1 Ba loolu amee Aji Sax ji àddoo fa ngëlén la, ne Ayóoba:
2 Ana koo doon, bay lëntal samay dogal,
di wax loo xamul dara?
3 Takkul boog te góor-góorlu,
ma laaj la, nga xamal ma.
4 Ana foo nekkoon ba may lal suuf?
Waxal su la ko sam xel mayee.
5 Ana ku dogal dayo ya; umpu la?
Ku tàllal buum, natte ko ko?
6 Ana fu kenuy àddina ya sampe?
Ak ku teg doju koñ ba,
7 ba biddiiwi njël sarxolleendoo,
goney Yàlla yépp xaacoondoo?
8 Ana ku tëjoon lafi buntu géej,
ba muy buccikoo xóote ya, fettax,
9 ba ma solal ko aw niir, mbubb,
laltaaye ko lëndëm,
10 dagg aw xélam, àppal ko kemu,
dogalee ko bunt bu tëje ràpp,
11 ba ne ko: «Fii ngay yem, doo fi wees.
Fii la say gannax di noppee buure»?
12 Ana foo masa joxe suba ndigal,
ba xamal njël bérebam,
13 ngir mu jàppe cati àddina, ag leeram,
yëlëbe ca ñu bon ñi,
14 àddina mel ni ban bu ñu teg torluwaay,
tey saamandaay mbubb mu ñu suub.
15 Ñu bon ñi, ñu xañ leen seenug leer,
ba loxo ba ñu xàccoon damm?
16 Yaa àkki ba fa géej bënne?
Am yaa daagoo ruqi xóotey géej?
17 Dees laa won bunti dee?
Am yaa gis bunt ya jëm lëndëmu njaniiw?
18 Dangaa ràññee yaatuwaayu suuf si?
Waxal, ndegam xam nga lii lépp!
19 Ana yoon wa jëm fa leer dëkke,
ak fa lëndëm màkkaanoo,
20 ba nga man leena yóbbu fa ñu digaloo,
te ràññee seen yooni kër?
21 Xam nga ko moos, fekk na la juddu;
dund nga ay fani fan!
22 Yaa àkki ba fa mbàndi tawu yuur ya?
Am yaa gis mbàndi waamey donj yu sedd
23 ya may dencal jamonoy njàqare
ngir bésub ndajem xare?
24 Ana yoon wu jëm fa leer di tasaaroo?
Ak fu ngelawal penku di xàjjalikoo, ba dajal suuf si?
25 Ana ku xàllal waame,
ak ku sàkkal melax ak dënu aw yoon,
26 di taw fu kenn newul,
ci màndiŋ mu nit amul,
27 di suuxat gent bu maral,
ba saxal fam ñax?
28 Ab taw, ndax am na baay?
Ana ku geñoom sos toqi lay?
29 Ana ku wasin galaas,
ak ku jur layub asamaan bu sedd ba wow,
30 ba wali ndox yi dëgër niw doj,
déndu géej fasu, ne kekk?

31 Yaay faste genn dëllooñ gu ndaw gi ci digg asamaan?
Am yaay yiwi dëllooñ gu mag ga mu dendal?
32 Yaay def bu jotee, nga feeñal biddiiw yi?
Am yaay wommat dëllooñu bëj-gànnaar
ak njabootam gu sew?
33 Dangaa xam dogali yoon yi yor asamaan?
Am yaay saytu kilifteefam fi kaw suuf?
34 Yaay yékkatil niir yi kàddug ndigal,
rekk waame sang la?
35 Yaay yebal melax yi ñu dem,
melaxi, délsi, ne la: «Nu ngii, ak fan nag?»
36 Ana ku yeb xel mu rafet cib dënn,
ak ku may ab xol dég-dég?
37 Ana ku xareñ ba waññ niir yi?
Ak kuy jolal mbuusi asamaan,
38 ba suuf di bàq, dankaloo,
defi donj, taqaloo?

39 Yaay rëbbal gaynde?
Am yaay reggal doomu gaynde
40 ju goore biir paxam,
mbaa mu waafem ngeer, di tëroo?
41 Ana kuy xont baaxoñ,
fa doom yay woowe Yàlla wall,
di tërëf ndaxub xiif?

# 39

1 Yaa xam jamono ju kéwéli tund di jur?
Am yaa gis fu kéwél di ame doom?
2 Yaa lim weer yi muy ëmb,
am yaa xam fu njuram jote,
3 ba mu sukk, jur,
tàggook mititu matam,
4 ak fa doom jay leqalikooka màgg ci àll bi,
ba dem, te du délsi?

5 Ana ku yóbbu fasu àll, afal ko?
Ana ku yiwi mbaamu àll, wacc ko?
6 Moom mi ma jox màndiŋ mi, mu dëkke,
ak jooru xorom, mu màkkaanoo?
7 Yégul riirum taax,
déggul coowal dawalkat.
8 Tund yi lay wërem poram,
di fa seete gépp gàncax gu tooy.
9 Ndax nagu àll a lay nangoo liggéeyal?
Mbaa mu di la fanaanal ci sa ngédd?
10 Man ngaa takk nagu àll cim rijji,
ba mu topp la, rijjil lab tool?
11 Yaa koy yaakaare dooleem ju bare,
ba dénk ko sab liggéey?
12 Yaay yaakaar mu fatal la jiwu,
jëlil la ko ca dàgga ja?

13 Bànjóolee ngi tëf-tëflu,
te xodd gën koy laaf.
14 Mooy wacci nenam fi suuf,
bàyyee ko tàngooru suuf.
15 Xalaatul tànk bu ci joggi
ak rabu àll wu ko dëggaate.
16 Day soxore doom yi ni lu mu jurul,
coonoom neen, yoonam.
17 Yàllaa ko xañ xam-xam,
te séddu ko xelum ràññee.
18 Waaye bu sàqee, ba sàqi,
faalewul fas ak gawaram.

19 Ndax yaa may aw fas kàttan?
Am yaa solal ndodd ma ciiriir?
20 Am yaa koy tëbloo nim soccet,
bu fiiroo, fit rëcc?
21 Fas a ngi bége dooleem, di curpee xur wa,
riddi, dajeek ngànnaay.
22 Yégul tiitaange, ragalul,
dawul saamar.
23 Mbarum fitt a ngay keseŋ-keseŋi fa kawam,
fa xeej ak jaasi lerxatandoo,
24 mu buure xadar, taxañ suuf si,
téyeetul boppam ndax bufta ba* jolli,
25 mu feeloo ko coowal wakkan ya.
Fu sore lay xeeñtoo xare ba,
ak kàdduy njiiti xare ya riirandook xaacu ya.

26 Ndax sam xel la céeliy daayaarloo,
ba firiy laafam, jëm bëj-saalum?
27 Am yaa sant jaxaay mu naaw ba fa kaw,
di tàgge kawte ya?
28 Aw doj, mu màkkaanoo,
di fanaan kaw catu doj wu ko kenn dul jote.
29 Fa lay yeeroo am rëbbam,
di ko niire fu sore.
30 Ku ñu bóom, ma nga fa teew,
doom yay xab deret ja.

* **39.24 *bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

# 40

1 Aji Sax ji dellu ne Ayóoba:
2 Yaw miy layook Aji Man ji, dangay diiŋat?
Yaw miy weranteek Yàlla, doo tontu?

3 Ayóoba àddu ne Aji Sax ji:
4 Man mi tekkiwul dara, nu ma lay tontoo?
Sama loxo laa ube sama gémmiñ.
5 Maa waxoon benn yoon, waxatuma;
maa tóllanti woon, dootul am.

*Yàlla dëkk na Ayóoba*

6 Aji Sax ji daldi àddoo fa ngëlén la, ne Ayóoba:
7 Takkul boog te góor-góorlu,
ma laaj la, nga xamal ma.
8 Sañ nga maa teg tooñ daal,
di ma sikkal, ba am dëgg?
9 Dangaa am dooley Yàlla,
mbaa kàddu guy dënu ni gosam?
10 Ràngool boog màggaay ak teraanga,
te làmboo dayook daraja.
11 Yuril sa mer,
te xool képp ku bew, detteel ko,
12 xoolal képp ku bew, toroxal ko,
te dëggaate ku bon fa mu taxaw.
13 Boole leen làq biir suuf,
tëjleen ràpp fu làqu fa,
14 Kon déy man maa lay sargal,
muy ndam lu la sa doole may.

15 Beyemot rab wu réy* waa ngii, maa ko sàkk, sàkk la,
ñax lay lekk niw nag.
16 Doole jaa ngoogu ca ndigg la,
kàttan ga laloo suuxi biir ba,
17 geen ga ne kàdd ni garabu seedar,
sidditi lupp ya ñabaloo,
18 yax ya di ponki xànjar,
cér ya mel ni yeti weñ.
19 Moo gëna yéeme ci li Yàlla sàkk,
te ki ko sàkk doŋŋ a koy boccil saamar.
20 Xontam déy tund yee ko yor,
rabi àll yépp di fowe fa wetam.
21 Keppaaru déem lay goore,
làqoo barax ak ban,
22 déem ya keral ko,
garabi tàkk ga yéew ko.
23 Dex gu fees jaaxalu ko,
gannaxi dexu Yurdan di ko talaata, mu ne tekk.
24 Ana ku koy jàpp te muy xoole?
Ak ku koy nos, ba téye ko?

25 Ninki-nanka† nag yaa koy nappe oos?
Am yaay yeewe làmmiñ wa ag buum?
26 Yaay nase wakkan ya ag buum?
Am yaay bëtt ŋaam wa, we ca lonku?
27 Xanaa ca la lay tinoo tinu,
di la lewetali kàddoom?
28 Xanaa kon mooy digook yaw,
ngir nga def ko jaam ba fàww?
29 Am yaa koy fowe ni picc,
takkal ko sa janq ji, ñu di ko seetaan?
30 Dees na ko waxaaleendoo?
Am ay julaa koy séddoo?
31 Yaa koy jamati xepp a?
Am yaa koy xaañ xeeju nappkat?
32 Teg ko loxo, seet;
dootoo fàtte boobu xeex,
te doo ko dolleeti.

# 41

1 Wii rab, yaakaar koo jàpp nax sa bopp la;
bu nee jaas, nga jóoru.
2 Kenn ñàngul, ba sañ koo merloo.
Kon ana kuy taxaw fi sama kanam man?
3 Ana ku ma abal lenn ba ma war koo delloo?
Lépp lu mboolem asamaan tiim, maay boroom!
4 Rab wii, duma noppee waxtaaney céram
ak kiraamay dooleem ak jekkaayu bindam.
5 Ana ku mana summib turkeem?
Ana ku mana bëtt kiiraayu ñaar-caam?
6 Ana ku koy ŋaal,
ak sellam yu dajal te raglu?
7 Gannaaw gi ay sàppey pakk la,
di ab tay bu tëje ràpp,
8 dugglante benn-benn,
ba ngelaw sax xaju ca,
9 xanaa ñu ne ñàpp, ku ne taq sa moroom,
te duñu teqalikoo.
10 Bu tislee, melax ne ràyy,
mu xippi, nga ne fajar ay xapp-xappal.
11 Jumi sawaraay tàkke ca gémmiñ ga,
ferñent ya jiitu,
12 saxaar di sël-sëlee ca wakkan ya,

* **40.15** ***rab wu réy*** wii am na ñu jàpp ne léebéer la. † **40.25** ***ninki-nanka*** jii am na ñu jàpp ne jasig la.

mbete cóolóolu cin luy bax.
13 Ngelawal bakkanam jafal nay xal,
sawara ne jippét, tàkke ca gémmiñam.
14 Ndoddam la doole daloo,
te fu mu dëgmal tëbum tiitaange fa la.
15 Ay ndombo la der ba def, dankalikoo,
ne këcc, ne degg.
16 Dënn baa nga dëgër niw doj,
ne këcc ni doju wolukaay.
17 Bu jógee, jàmbaar ñi tiit,
muy rajaxe, ñu jommi.
18 Nga jam ko saamar, du dugg;
xepp akug fitt akub xeej, noonu.
19 Weñ gu ñuul di ko safum mboob,
xànjar niru ko matt mu nëb.
20 Ndawal fitt dawloowu ko,
doju mbaq di ngooñ mu koy ñiramtal.
21 Bolde di ko saf ñax gu wow,
ab xeej riir, def koy ree.
22 Lu mel ni tojitu xandeer a lal biir ba,
di rijji bañ bi.
23 Mooy baxloo xóote yi ni cin,
di fuural géej ni njaq lu garab xooje.
24 Gannaawam ay def xàll wuy lerxat,
mbàmbulaan miy saf bijjaaw.
25 Amul niruwaale fi kaw suuf,
mii mbindeef mu dul tiit.
26 Képp ku réy, mu xool la bëtu suufe,
képp ku bew, muy sa buur.

# 42

## *Ayóoba tuub na*

1 Ba loolu amee Ayóoba àddu ne Aji Sax ji:
2 Xam naa ne lépp nga man;
du lenn loo tële.
3 Nee nga ma: «Ana koo doon, bay lëntal
samay dogal te xamoo?»
Maa wax moos te xawma lenn
ci kawtéef yu ma wees, ump ma.
4 Nee nga: «Déglul, maa lay wax.
Ma laaj la, nga xamal ma.»
5 Dég-dégu nopp laa amoon ci yaw,
tey, bët laa la teg.
6 Moo ma tax ne: «Waqeet, tuubi-ruubi,»
ba diwoo suuf akub dóom.

## *Yàlla leqali na Ayóoba*

7 Gannaaw ba Aji Sax ji waxee Ayóoba
yooyu kàddu, mu wax Elifas ma cosaanoo
Teman, ne ko: «Sama xol tàng na ci yaw,
yaak sa ñaari xarit yi, ndax waxuleen dëgg
ci man, ni sama jaam bi Ayóoba waxe.
8 Kon nag sàkkleen juróom ñaari yëkk ak
juróom ñaari kuuy. Ngeen dem ba ca sama
jaam ba Ayóoba, joxe ko fa saraxu
rendi-dóomal, te Ayóoba ñaanal leen, ma
seet ci moom ba bañ leena mbugale
seenug ndof. Ndax waxuleen dëgg ci man
ni sama jaam bi Ayóoba waxe.»
9 Ba loolu amee Elifas waa Teman ba ak
Bildàdd waa Suwa ak Cofar waa Naama
daldi dem, def la leen Aji Sax ji sant. Aji
Sax ji seet ci Ayóoba.
10 Gannaaw ba Ayóoba ñaanalee xaritam
ya, Aji Sax ji tijji wërsëgu Ayóoba. Aji Sax ji
ful na ñaari yoon mboolem alalu Ayóoba.
11 Ba loolu amee mboolemi bokkam,
góor ak jigéen, ak mboolemi xameem ya
woon, dikk bokk ak moom bernde ca
këram. Ñu dëfal ko, mas-sawu ko ci bépp
coono bu ko Aji Sax ji tegoon. Ku ci nekk
jox ko dogu xaalis ak jaarob wurus.
12 Aji Sax ji nag barkeel mujug Ayóoba lu
raw ndoorteem. Mu am fukki junniy gàtt
ak ñeent (14 000), ak juróom benni junniy
giléem (6 000), ak junniy lëkkey nag (1 000)
yu muy rijjee, ak junniy mbaam yu jigéen
(1 000).
13 Mu amaat juróom ñaari doom yu góor
ak ñett ñu jigéen,
14 ka mag ca jigéen ña, mu tudde ko
Yemima, ka ca topp di Keciya, ka ca
toppaat di Keren Apukk.
15 Mboolem jigéeni réew ma, amul ku
rafete woon ni ñetti doomi Ayóoba yooyu.
Seen baay nag sédd leen ndono lu tollook
seen céri càmmiñ.
16 Gannaaw loolu Ayóoba dundaat na
téeméeri at ak ñeent fukk (140). Gis na ay
doomam, gis ay sëtam, ba muy ñeenti
maas.
17 Ayóoba màggat na ba ñor xomm, doora
dee.

# Taalifi cant
## yu Daawuda ak ñeneen, ngir màggal Yàlla

Téere bii moo ëmb juróomi téere, di téeméeri taalif ak juróom fukk (150) – ay cant ak ay ñaan ak ay kàdduy jooytu.

Taalif bu njëkk bi ak ñaareel bi ñooy ubbite gi, ci lañuy xamle yax yii: kan moo bon ak kan mooy aji jub, ak kan mooy buur bi Yàlla tabb, fal ko, te muy jiitee njub. Buur Daawuda ak Buur Suleymaan bokk nañu ci ñi fent taalifi cant yi, waaye ci taalifi cant 99 ak 145, gis nanu ne Aji Sax jeey Buur, te moom rekk a yellooy cant. Taalif yi mujj (146—150) ñooy màggal Aji Sax ji.

Ci tënk: Téere bu ci nekk, nii lañu ko tëje: «Cant ñeel na Yàlla Aji Sax ji,» mbaa «Màggalleen Ki Sax.»

Taalif 1—41 Téere bi njëkk.

Taalif 42—72 Ñaareelu téere bi.
Taalif 73—89 Ñetteelu téere bi.
Taalif 90—106 Ñeenteelu téere bi.
Taalif 107—150 Juróomeelu téere bi.

# 1

*Ñaari yoon a ngii*

1 Ndokkalee yaw mi toppul tànki ku bon,
taxawewuloo yoonu moykat,
toogewuloo jataayu ñaawlekat.
2 Xanaa di bége yoonu Aji Sax ji,
di ko jàngat guddeek bëccëg.
3 Loo def mu àntu:
nga mel ni garab gu saxe walum ndox,
bu jotee meññ,
te xob wa du lax.

4 Loolu dalul moos ku bon
kay mel ni xatax bu ngelaw li wal.
5 Moo tax ku bon du siggee àtte ba,
moykat du taxawe ndajem aji jub ña.

6 Aji Sax ji kay ay sàmm yoonu aji jub;
yoonu ku bon di sànk boroom.

# 2

*Yàlla fal na buur*

1 Ana lu xeeti àddina di riire,
lu xeet yiy lale pexey neen?
2 Buuri àddinaa jógandoo,
kilifa yee lëkkoo,
di fexeel Aji Sax ji,
mook ki mu fal.
3 Ña nga naan: «Nanu dagg càllala yi,
sànni jéng yi!»

4 Ki ci jalub asamaan a ngay ree,
Boroom baa nga leen di kókkali,
5 mer, ba gëdd leen,
xadaru, tiital leen ne:
6 «Man maa tabb buur, fal ko ci Siyoŋ,
sama tund wu sell.»

7 Buur ne: «Ma biral dogalu Aji Sax ji,
moom mi ma ne: "Yaa di sama doom,
bés niki tey, maa la jur*.
8 Ñaan ma xeeti àddina, ma sédd la ko,
nga moom ba ca cati àddina,
9 jiitee leen yetu weñ,
rajaxe leen ni njaqal xandeer."»

10 Kon yeen buur yi, muusleen,
kilifay àddina, fàgguleen.
11 Jaamuleen Aji Sax ji, ragal ko,
di ko bége, ba yaram daw.
12 Sujjóotalleen doom ji, bala moo mer,
ngeen sànkoo seenu yoon;
meram day jekki ne jippét,
waaye ndokkalee képp ku ko làqoo!

# 3

*Aji jub a ngi woote wall*

1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda, ba muy daw Absalom doomam ju góor*.

2 Éy Aji Sax ji, noon yeeka bare!
Ñu baree may jógal,
3 ñu baree may tooge naa:
«Yàlla du ko wallu!»
Selaw
†.

* **2.7** ***jur:*** su Yàlla nee moo jur buur bi, waxin la rekk. Bés bi ñuy fal buur bi la Yàlla di biral ne jàppe na buur bi ni doomam. Ni doom di teewale baayam, ni la buur biy teewale Yàlla ci kaw suuf. Ni baay di sàmme doomam it, ni la Yàlla di sàmme buur bi, ngir mu am ndam. Seetal ci *2.Samiyel* 7.12-16. * **3.1** Seetal ci *2.Samiyel* saar 15—16. † **3.3** ***Selaw:*** jàpp nañu ne ndigal la luy taxawloo woykat yi, te jombul xalam yi wéy ba tey. Waaye man naa nekk itam ndigal ngir xalam yeek woykat yi gëna xumbal.

4 Waaye yaw Aji Sax ji, yaa may feg,
di ma teral, di ma siggil.
5 Maay woo Aji Sax ji wall,
mu walloo ma fa tundam wu sell wa.
Selaw.

6 Maay tëdd nelaw, yewwu;
Aji Sax ji di ma aar.
7 Ñu dul jeex a ma jógal, gaw ma,
te duma ragal.

8 Éy Aji Sax ji sama Yàlla,
jógal, wallu ma!
Yaa toj kaabaabi noon yu bon yépp,
foq seeni sell.
9 Aji Sax ji, yaa moom wall,
sa mbooloo jagoo sa barke.
Selaw.

# 4

*Ma yendoo ñaan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki
xalam, dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, yaw mi may àtte dëgg,
maa ngi woote, wuyu ma;
maa xatoon, nga yaatal ma.
Ngalla baaxe ma, nangul ma.

3 Yeen boroom daraja yi,
buleen yàqati sama der,
buleen sopp caaxaan, di sos.
Selaw.
4 Xamleen ne Aji Sax ji day séddoo ku ko
ragal,
te bu ma woowee Aji Sax ji, mu dégg.
5 Loxleen te baña bàkkaar,
waxtaanleen ak seen ngegenaay te noppi.
Selaw.
6 Rendileen seen sarax yi war,
te wóolu Aji Sax ji.

7 Bare na ñu naan: «Ana ku nuy won lu
baax?»
Éy Aji Sax ji, baaxe nu saw yiw!
8 May nga ma bànneexu xol
bu raw seen pepp mu tuurook biiñ bu wal.
9 Jàmm laay tëdde, nelaw,
Aji Sax ji, yaw doŋŋ yaa may dëël fu wóor.

# 5

*Ma njëlu di ñaan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki
toxoro, dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Aji Sax ji, maa ngi àddu, déglu ma,
maa ngi onk, teewlu ma.
3 Sama Buur, sama Yàlla, déglul, ma ne
wallóoy!
Yaw laay ñaan.
4 Aji Sax ji, ag suba, ngay dégg sama baat,
suba su ne ma diis la samay dagaan,
di séentu.

5 Doo Yàlla ju safoo coxor,
yaw lu bon du la daloo.
6 Ku réy du taxaw fi sa kanam,
kuy def lu ñaaw, bañ nga ko.
7 Aji Sax ji, yaay sànk kuy fen,
seexlu kuy bóomeek kuy wore.

8 Man nag, sa ngor lu yaa laa saña dugge
sa kër,
sujjóotal sa béreb bu sell, wormaale la.
9 Éy Aji Sax ji, wommate ma sa yoonu njub
ndaxi noon,
te xàllal ma saw yoon.

10 Ñii, li ñu wax, wérul,
seen xol a mébét njekkar,
seenug bóli di bàmmeel bu ne ŋàpp,
ñuy naxe làmmiñ wu neex.
11 Éy Yàlla, topp leen,
ñu fakkastaloo seeni pexe;
xalabal ñooñu barey moy,
ñoo la gàntal.

12 Képp ku la làqoo, yal na bég,
di saxoo sarxolle, nga di ko yiir,
te ku la sopp di la bége.
13 Aji Sax ji yaw kat, yaay barkeel ku jub,
yiire ko saw yiw, fege ko.

# 6

*Jarag a ngi woote wall*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd ak
xalamu juróom ñetti buum, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Aji Sax ji, bul mer, ba di ma rëbb,

bul xadaru, ba di ma mbugal.
3 Aji Sax ji, damaa néew doole, yërëm ma!
Éy Aji Sax ji, sama yaram a tas, dàmp ma!
4 Sama xol a jeex tàkk.
Aji Sax ji, loo deeti xaar nag?
5 Éy Aji Sax ji, délsil, xettali ma!
Walloo ma sa ngor.
6 Deesul dee ba fàttaliku la;
ku dugg njaniiw, nu mu lay sante?

7 Onk naa ba loof, di fanaanee jooy,
sama lal di féey,
ba far seeye rongooñ.
8 Saay gët a ngi xóot ndaxu naqar,
boole ci giim ndax tooñi noonoo noon.

9 Yeen, defkati ñaawtéef yépp, xiddileen ma!
Aji Sax ji dégg na saay jooy,
10 Aji Sax ji dégg na saay dagaan,
Aji Sax jii nangu na samag ñaan.
11 Noon yépp a am gàcce, ba jàq lool,
ne wërëñ ak gàcceg mbetteel.

# 7

*Boroom tuumaa ngi woote wall*

1 Di woyu njàmbat, ñeel Daawuda. Mu
woyaloon ko Aji Sax ji ci mbirum kàddu yu
tukkee woon ca Kuus, ma bokkoon ci
giirug Beñamin.

2 Éy Aji Sax ji, sama Yàlla, yaw laay làqoo!
Musal ma, xettali maak ñi may dàq ñépp.
3 Lu ko moy ñu fàdd ma ni gaynde,
daggate ma te kenn du wallu.

4 Aji Sax ji sama Yàlla, ndegam maa def lii,
ndegam maa taq fenn lu ñaaw,
5 ndegam ku ma jàmmal laa feye aw ay,
mbaa ma dimbali ku ko noonoo te defu ko dara,
6 yal na ma noon rëbb,
dab ma, dëggaate ma,
sàggi saab sag, tëral ci pëndub suuf.
Selaw.

7 Aji Sax ji, meral, jóg,
dajeel maak xadaru noon yi!
Ngalla teewlu ma; yaw, yoon nga santaane.
8 Yal na xeet yi daje, wër la,
nga délsi tiim leen fu kawe.
9 Yal na Aji Sax ji àtte xeet yi;
Aji Sax ji, seetal ci sama njubteek sama màndute te dëggal ma.
10 Yal na mbonug ku bon tees,
te nga saxal ku nekk ci dëgg.
Yaw Yàlla Boroom dëgg, yaay natt xel ak xol.

11 Sama kaaraange, fa Yàlla
miy musal boroom xol bu dëggu.
12 Yàllaay àtte dëgg.
Yàllaay rëbbe bés bu ne.
13 Ku tuubul, Yàlla nàmm saamaram,
tàwwig fittam, diir la.
14 Moom la waajalal ngànnaayi dee,
def ko fitt yuy boy.

15 Ku bon a ngoog, di matu doomu ñaawtéef.
Day sos njombe, di wasin njublaŋ.
16 Am kan lay gas, ba mu xóot,
te pax ma mu gas, moo ca tàbbi.
17 Fitnaam, këpp ci boppam;
coxoram, xàŋŋ cim kaaŋam.

18 Naa sante Aji Sax ji njubteem,
ma woy Aji Sax jiy Aji Kawe ji.

# 8

*Aji Sax ji teral na nit*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd ak xalam
gu ñuy wax gitiit*, ñeel Daawuda, dib
taalifu cant.

2 Aji Sax ji sunu Boroom,
sa tur aka màgg ci kaw suuf sépp!
Sag leer tiim asamaan.
3 Làmmiñu tuut-tànk, ba ci luy nàmp,
feeñal nga ca sa kàttan, ngir jaxase say noon,
bañaaleek feyukat ne xerem.

4 Damay xool sa asamaan si nga mól,
ak weer week biddiiw yi nga fi teg.
5 Moo, luy nit, ba nga di ko bàyyi xel?

* **8.1** ***gitiit*** tur la wu réer ci làkku ebrë. Man na doon xeetu xalam gu cosaanoo dëkk ba ñuy wax Gaat ci réewu Filisti. Man na nekk it galan bu ñu daan woye ci jamono bu ñuy witt reseñ, di ko nal.

Luy doom aadamaak loo koy yége?

6 Yaa ko def mu gëna suufe as lëf malaaka yi,
yaa ko kaalaa teraanga ak daraja,
7 fal ko ci kaw loo bind,
jox ko lépp, mu teg tànk:
8 jur gépp, gu gudd ak gu gàtt,
rabi àll it ca la,
9 ak njanaaw ak jën
ak luy jaare yooni géej.

10 Aji Sax ji sunu Boroom,
sa tur aka màgg ci kaw suuf sépp!

# 9

*Aji Sax ji dëgg lay àtte*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bu ñuy wax Deewug doom ju góor, ñeel
Daawuda, dib taalifu cant.

2 Ma sante Aji Sax ji sama xol bépp,
di siiwal mboolemi kéemaanam.
3 Yaw Aji Kawe ji, dama lay bége,
bànneexoo la, kañ saw tur.
4 Noon yeey dellu gannaaw,
tërëf, sànku fi sa kanam.

5 Yaa ma àtte yoon, dëggal ma,
toog ci sab jal, di àtte njub.
6 Rëbb nga xeet yi, sànk ñu bon ñi,
far seeni tur ba fàww.
7 Noon ya raaf, gental ba fàww.
Yaa déjjati seeni dëkk, seenu askan fey.
8 Aji Sax jee sax dàkk,
samp jalam ngir àtte.
9 Moom mooy àtte àddina cig njub,
di dogalal xeet yi dëgg.
10 Aji Sax jeey làq néew-ji-doole,
mooy làqe bésub njàqare.
11 Aji Sax ji, yaw, ku la xam, wóolu la.
Aji Sax ji, yaw, ku la ñaan wallu, doo ko wacc.

12 Woyleen Aji Sax ji dëkke Siyoŋ,
siiwalleen ay jalooreem ci xeet yi!
13 Mooy topp nit bakkanu moroomam, di ko ba xel,
te du fàtte yuuxi néew-ji-doole.

14 Éy Aji Sax ji, baaxe ma,
gisal naqar wi ma bañ yi teg.
Yaa may yékkatee fa bunti dee,
15 ba ma siiwali sa woy yépp,
fa buntu Siyoŋ, dëkk bu taaru ba,
di bànneexoo sa wall gii!

16 Xeet yee tàbbi pax ma ñu gasoon,
fakkastaloo fiir ga ñu làqoon.
17 Aji Sax jaa ngi feeñoo, di àtte yoon;
ku bon tegug fiir, tàbbi ca.
Na jib ndànk. Selaw.

18 Ñu bon ñee dëddu, dem njaniiw,
ànd ak xeet yi fàtte Yàlla yépp.
19 Yàlla du tanqamlu ab ndóol ba fàww,
yaakaaru néew-ji-doole du tas mukk.

20 Aji Sax ji, jógal, bu la nit yab;
na xeet yi dikk fi sa kanam, nga àtte leen.
21 Rikk Aji Sax ji, yónnee leen tiitaange,
xamal leen ne nit doŋŋ lañu.
Selaw.

# 10

*Néew-ji-doole sàkku na yoon*

1 Éy Aji Sax ji, lu la taxa sore?
Xanaa dangay làqu, bésub njàqare?

2 Ku bon naagu na, ne dann néew-ji-doole,
lal ay pexeem, ba jàpp ko.
3 Ku bon déy a ngi tëggoo bànneexu bakkanam,
ku bëgge di ñàkke wormaaka teddadil Aji Sax ji.
4 Ku bon daŋŋiiral, seetul dara,
xalaatam yépp mooy Yàlla amul.
5 Saa yu fexee, juble,
te gisul sa ndigali yoon yi ko tiim.
Ma ngay ciipu bañam yépp.
6 Ma nga naan ca xelam: «Duma tërëf,
safaan du ma dab tey ak ëllëg.»
7 Ay móolu la gémmiñ ga fees ak fen ak noote,
njekkar ak ñaawtéef lal làmmiñ wa.
8 Day tëroo ciy dëkk-dëkkaan,
làqu di bóom ku deful dara,
nëbbu di wootal néew-ji-doole.
9 Day làqu béreb, di yeeroo ni gaynde cim xuntam,
di yeeru aji ñàkk, ba jàpp ko,
laaw ko, ñoddi, yóbbu.
10 Ma ngay sëgg aka waaf,

ba aji ñàkk daanu ci loxoom.
11 Mu naa ca xelam: «Yàlla fàtte na,
dummóoyu na, du xoolati.»

12 Aji Sax ji, jógal!
Éy Yàlla, xàccal sa loxo.
Bul fàtte néew-ji-doole.
13 Bul may ku bon mu sofental la,
te naan ci xelam: «Yàlla du ma ko topp.»
14 Yaw de yaay ki nemmiku,
di gis njekkar ak naqar,
ku mu dal, nga sàmm àqam.
Néew-ji-doole wéeroo la,
ab jirim, nga dimbali.
15 Ngalla dammal loxol ku soxor ak ku bon,
topp leen seen coxor gi ñu yaakaaroon ne du feeñ.
16 Aji Sax jee di Buur ba fàww!
Xeet yeey sànku, jeex cim réewam.
17 Aji Sax ji, yaay dégg dagaanu néew-ji-doole,
yaay dalal xelam, teewlu ko,
18 ngir sàmm àqu jirim ak néew-ji-doole,
ba nit kiy suufu kese dootul xëbale.

# 11

## *Ma làqoo Aji Sax ji*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda.

Aji Sax ji laa làqoo.
Ana lu ngeen ma naa: «Neel fëyy ni picc, toŋi sa kaw tund.
2 Xanaa du ñu soxor ñaa ngii, bank seen xala,
nas seenu fitt,
nara lëndëmtu, jam ku jub?
3 Bu ponki dëgg màbbee,
nu aji jub ñi di def?»

4 Aji Sax jaa nga ca këram gu sell.
Aji Sax jaa nga ca asamaan, ca kaw jalam,
ne jàkk doom aadama, di ko seetlu.
5 Aji Sax ji day seetlu ku jub;
ku soxor, bëgg fitna, mu bañ.
6 Day tawal ku bon ay mbugal;
sawaraak tamarax akub jaas dib añam.
7 Aji Sax jee jub, sopp njub;
kuy jubal, gis yiwam.

# 12

## *Kàddug Yàllaa wóor*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd ak
xalamu juróom ñetti buum, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Wallóoy, Aji Sax ji, ngor jee na!
Kóolute réer na doom aadama.
3 Dañuy fenante,
làmmiñ dig lem, xol ba njuuy la.
4 Yal na Aji Sax ji tëj gémmiñu kuy naxe,
ak kuy làmmiñuy tëggu.
5 Ñu ngi naa: «Sunu làmmiñ lanuy daane,
nook sunu kàddu; ku nu manal dara?»

6 Ku ñàkk a ngii, ñu futti,
mu ngi binni, di néew-ji-doole.
Aji Sax ji nee: «Maa ngii, di ci jóg,
teg leen fi rawtu gu ñu ne siiw.»

7 Kàddug Aji Sax ji, kàddu gu sell la,
ni xaalis bu ñu xelli ci taalu ban,
settali ko juróom ñaari yoon.
8 Ngalla Aji Sax ji, sàmmal ku néewle,
aar ko saa su ne ci nitu tey.
9 Ñu bon ñaa ngi taxawaalu fu ne,
jikko ju sew falu ci biir doom aadama yi.

# 13

## *Aji Sax ji, loo deeti xaar?*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Céy Aji Sax ji, loo deeti xaar?
Xanaa doo ma tanqamlu ba fàww?
Loo deeti xaar, bañ maa geesu,
3 ba ma tàggook bopp bu ubu
ak njàqarey xol bu sax,
ba noon dootu ma man?

4 Céy Aji Sax ji sama Yàlla, geesu ma, wuyu ma,
leqali ma, bala ma ne sërëx ci nelawi dee,
5 noon ba naan: «Daan naa ko,»
bañ yay bége saab jéll.

6 Man de maa ngi dénkoo sa ngor,
di bànneexoo sag wall.
Naa woy Aji Sax ji,
ki may baaxe xéewalam.

## 14

*Yàqute maase na*
1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda.

Ab dof a nga naa ca xelam: «Yàlla amul!»
Ñu ni mel ay def njekkar, seeni jëf siblu,
kenn defu ci lu baax.
2 Aji Sax jee tollu asamaan, jéer doom
aadama,
di seet ku ci xelu, tey wut Yàlla.
3 Ñépp lajj,
bokk yàqu yaxeet.
Kenn deful lu baax,
du kenn sax.
4 Aji Sax ji nee: «Xanaa ñiy def lu bon ñépp
xamuñu dara?
Ñuy lekk sama ñoñ niw ñam,
te wutuñu Aji Sax ji.»
5 Foofu lañuy tiite tiitaange ju réy!
Du Yàllaa ngi ànd ak kuréeli ñu jub ñi?
6 Ku néewlee yaakaar, ngeen tas ko,
waaye Aji Sax ji la làqoo.

7 Ana kuy tollu Siyoŋ, xettali Israayil?
Éy bés bu Aji Sax ji tijjee wërsëgu ñoñam,
ndaw mbégte ci giirug Yanqóoba!
Ndaw bànneex laa ne, ci Israayil gii!

## 15

*Kuy aji jub?*
1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

Aji Sax ji, kuy ganeji sa xayma?
Ana kuy dëkki sa tund wu sell?

2 Xanaa ki wéye màndu,
di def lu jekk,
di wax dëggu xolam.
3 Du sos,
du tooñ dëkkandoo,
du baatal moroomam.
4 Ku siblu, mu sib,
ku ragal Yàlla, mu teral.
Mooy sàmm ngiñam,
su ko dee lor it.
5 Du leble, ba teg ca;
du nangu ger, ngir fexeel jàmbur.
Lii ku koy jëfe doo jang.

## 16

*Aji Sax ji laa séddoo, dund ak dee*
1 Diy ñaan, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, sàmm ma, maa ngi làqu fi yaw!
Maa ne Aji Sax ji: «Yaay sama Boroom,
awma alal ju la moy.»
3 Ñu sell ñi ci réew mi ñooy garmi yi,
sama mbégte mépp ñoom a.
4 Kuy toppi tuur, barew tiis,
man de duma leen tuural deret,
sama làmmiñ du leen tudd.

5 Aji Sax ji, yaay wàll wi ma séddoo,
di sama ndabal xéewal.
Yaa yor sama wërsëg.
6 Maa muurloo béreb bu neex,
ndaw cér bu rafet!
7 Ma sant Aji Sax ji may xelal,
ba guddi sax sama xel di ma yedd.
8 Damaa saxoo ne jàkk ci Aji Sax ji
ndijoor la ma fare, ba duma tërëf,
9 xanaa di bànneexu, sama xol bég,
sama yaram dal xel.
10 Doo ma wacc njaniiw moos,
sa wóllëre wa, doo ko won yàqutey
bàmmeel*.
11 Yaa may xamal yoonu dund.
Fu bànneex mate, yaa teew,
xéewal sa ndijoor la saxe.

## 17

*Aji Sax ji, jox ma dëgg*
1 Di ñaanu Daawuda.

Éy Aji Sax ji, déglul liy dëgg,
déglul, ma woote!
Teewlul, ma dagaane la
làmmiñ wu mucc fen.
2 Yal na sama àtte bawoo fi yaw,
nga gis sama njubte.
3 Natt nga saab xol, niir ma guddi,
settantal ma, gisoo dara.
Dogu naa ne duma moye wax.
4 Su may jëf it, di sàmm sa kàddu.
Maay moyu yoonu ku bon.
5 Sa tànk, sama tànk,

* **16.10** Woykat bi di wone fii kóoluteem ne Aji Sax ji du ko seetaan muy dee ci saa si, waaye dina ko musal ci dee gi ko doon yoot ca fan yooya. Seetal ci *Jëf ya* 13.34-37.

jàdduma fenn.

6 Éy Yàlla, maa lay woo, nga di ma wuyu;
teewlu ma te déglu ma!
7 Na sa ngor feeñ,
yaw miy walloo sa doole
ku la làqooy noonam.
8 Sàmm ma ni peru bët;
làqe ma sa ker,
9 ma rëcc ñu bon ñi ma song,
noon ñii ma gaw, nar maa bóom.
10 Seen xol dàq yërmande,
seeni wax di reewande.
11 Tanc nañu nu fépp,
ne nu jàkk, nar noo tëral.
12 Mbete gaynde gu namma fàdde,
gaynde gu mat guy tëroo!

13 Éy Aji Sax ji, jógal dajeek moom, detteel ko.
Xettalee ma sa saamar, ma rëcc ku bon.
14 Éy Aji Sax ji, walloo ma sa doole,
ma rëcc ñi séddoo dundu àddina.
Say soppe, nga reggal,
seeni doom regg,
desalal seeni doom.

15 Man nag ma am dëgg, ne la jàkk,
yewwu, regge sa jëmm.

# 18

*Buur daan, sant Aji Sax ji*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel Daawuda
jaamub Aji Sax ji. Mu jagleel Aji Sax ji woy
wii, bés ba mu ko xettalee ci mboolemi
noonam, xettali ko it ci Buur Sawul.
Kàdduy woy wa lii la.

2 Mu ne:
Aji Sax ji, maa la sopp, yaw mi may dooleel.
3 Aji Sax ji mooy sama cëslaay,
moo may aar,
di ma wallu.
Yàllaay sama cëslaay li ma yiiroo,
fegu;
mooy Boroom doole ji may musal, di ma làq.
4 Ki yelloo cant, Aji Sax ji,
moom laa woo, mucc ci samay noon.

5 Buumi dee tanc ma,
walum kasara naq ma,
6 buumi njaniiw laaw ma,
dee ne jaas, di ma fiir.
7 Ma jàq, woo Aji Sax ji,
ne sama Yàlla wallóoy,
mu dégge këram.
Ma yuuxu, muy dégg.

8 Mu mer, suuf yëngu, di ker-keri;
reeni tund ya jaayu, di reg-regi.
9 Saxaar di sël-sëlee ca wakkan ya,
sawara boye ca gémmiñ ga,
xal yu yànj tàkke ca.
10 Mu firi asamaan, wàcc,
niir yu fatt lal tànk ya.
11 Ma nga war malaakam serub, di naaw,
daayaarloo laafi ngelaw.
12 Ma nga bàddoo lëndëm, làqoo,
làmboo ndox mu lëndëm aki xàmbaar,
13 leer a ko jiitu, xàmbaar ya topp ca,
ak tawub yuur ak xali sawara.
14 Aji Sax jee dënoo asamaan.
Aji Kawe jee àddu,
muy tawub yuur ak xali sawara,
15 mu soqiy fitt ak jumi melax,
tasaare leen, fëlxe.
16 Aji Sax ji, dangaa gëdd,
nokki, mu riir,
xuri géej ne fàŋŋ,
ron suuf ne duŋŋ.

17 Aji Sax jee yóotoo fa kaw, jàpp ma,
seppee ma ca xóotey ndox ma,
18 musal ma ca noon yu mag
ya ma bañ te man ma.
19 Ñu dajeek man, bés ba ma jàqee,
Aji Sax ji taxawu ma,
20 yaatal ma,
bége ma, ba xettali ma.

21 Aji Sax jee ma yool sama njub,
samay loxoo set, mu fey ma.
22 Sàmm naa yooni Aji Sax ji,
bonuma, di moy sama Yàlla.
23 Dama ne jàkk ndigalam yépp,
dëdduwuma dogali yoonam.
24 Seede na, may jëfeg mat,
di moyoo tooñ.
25 Aji Sax jee ma yool sama njub,
rafetlu sama mucc ayib.

26 Yaw Aji Sax ji, ku gore, fekk la gore;
ku matale, fekk la matale;
27 ku sellal, fekk la sell;
ku dëng, fekk laak say feem.
28 Yaw yaay musal xeet wu néew doole,
kuy daŋŋiiral, nga detteel.
29 Yaw kay yaa may niital.
Aji Sax ji sama Yàllaay leeral sama lëndëm.
30 Maak yaw kay, ma song gàngoor.
Maak sama Yàlla, ma tëbum tata.

31 Yàllaa mat.
Kàddug Aji Sax jee wér te wóor.
Mooy feg képp ku ko làqoo.
32 Ana kuy Yàlla ku moy Aji Sax ji?
Ana ku mat cëslaay ku dul sunu Yàlla?

33 Yàllaa may dooleel,
di ma xàllal, yoon mat.
34 Moo ma gaawal ni kéwél,
taxawal ma fu kawe.
35 Moo may tàggat ci xare,
may tàwwig fitt ci xalag xànjar.
36 Aji Sax ji yaa may feg, musal ma,
dooleel ma sa loxo,
nangul ma, darajaal ma.
37 Yaa ma xàllalu yoon,
ba duma tërëf.
38 Ma dàq noon yi, dab leen,
jekkali, doora dëpp.
39 Ma jam leen, jógatuñu,
xanaa fëlëñu, ma joggi.
40 Sol nga ma dooley xare,
sukkal ñi ma jógal, ñu féete ma suuf.
41 Won nga ma ndoddi noon,
ma boole bóom bañ yi.
42 Ñu ne wallóoy, wall amul;
ñu woo Aji Sax ji, faalewu leen.
43 Ma wol, ba ñu doon pënd, ngelaw wal,
ma wetti ni banu mbedd.
44 Xettali nga ma ci bokk yiy fippu,
def ma, ma jiite ay xeet;
waaso wu ma xamul sax nangul ma,
45 ku ma ci dégg, déggal ma,
ay doomi doxandéem di ma raamal,
46 ne yàcc,
génne seeni tata, di lox.

47 Aji Sax jeey kiy dund.
Kii ma sësoo jara sant.
Yàlla mi may musal moo màgg!
48 Mooy Yàlla ji ma feyul,
nangulal ma xeet yi.
49 Xettali nga maak noon,
kaweel ma, ma tiim ku ma jógal,
xettaleeti ma cib soxor.

50 Kon Aji Sax ji, ma sant la ci biir xeet yi,
ma kañ sa tur!
51 Yaay may sa buuru ñoñ ndam lu réy,
yaay ji ngor ki nga fal,
muy man Daawuda, di sama askan ba
fàww.

## 19

*Aji Sax ji màgg na*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Asamaan nee Yàlla màgg na,
kaw ne màww, biral liggéeyu loxoom!
3 Bésoo bés kàddu seede ko,
guddee guddi xamle ca mbir.
4 Du làkk, duy wax,
du baat bu dégtu,
5 suuf sépp la seen ndéey jibal,
seen kàddoo àkki cati àddina.

Kaw la Yàlla sampal jant xayma,
6 mu mel ni boroom séet, génne néegam,
bég ni dawkat biy xélu cib joŋante.
7 Asamaan lay fenke cat lii,
wëndeelu, sowi cat lee;
amul lu rëcc tàngooram.

8 Yoonu Aji Sax jee mat,
di leqali bakkan.
Lu Aji Sax ji seede dëgg la,
day xelal ku xeluwul.
9 Lu Aji Sax ji tegtale, njub la,
di bégal xol.
Lu Aji Sax ji santaane, leeraange la,
di leeral gis-gis.
10 Santaaneb ragal Aji Sax ji mooy li sell
te sax ba fàww.
Lu Aji Sax ji digle, dëgg la,
ak njub gu sotti.
11 Moo dàq wurus,
raw wurusu ngalam wu ne xas;
dàqati lem,
ëpp tem-tem.
12 Man, Sang bi, ci laay leerloo,
ku ko sàmm yokku yool.

13 Nit juum na, umple ko,
baal ma tooñ gu ma umple.
14 Te Sang bi, musal ma ci bàkkaaru teyeef,
mu bañ maa jiital,
ma mana màndu,
mucc moy gu réy.

15 Éy Aji Sax ji, lu saaw làmmiñ tudd
mbaa sama xol déey ma ko,
yal nay loo gërëm,
yaa may aar, yaa ma jot.

# 20

*Yal na Buur daan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Buur, yal na la Aji Sax ji nangul bésu
njàqare,
yal na la turu Yàllay Yanqóoba aj fu kawe,
3 yal na la yónnee wallam fa këram,
jàppalee la fa, ca Siyoŋ.
4 Yal na xool loo ko jébbal,
di rafetlu sarax soo ko lakkal.
Selaw.

5 Yal na la may li nga namm,
di sottal loo mébét,
6 ngay daan, nuy ree,
yéege sunu raaya, màggal sunu Yàlla.
Yal na Aji Sax ji nangu loo dagaan.

7 Aji Sax jeey musal ki mu fal, bir na ma
tey.
Moo koy nangule fa asamaan su sell sa,
ci dooley ndijooram biy musle.
8 Ñiiki watiir,
ñeeki fas,
nun sunu turu Yàlla Aji Sax ji lanuy tudd.
9 Ñoom ñooy jeng aka jóoru,
nun, nu jóg, taxaw jonn.

10 Éy Aji Sax ji, mayal Buur mu daan,
te bés bu nu ko ñaane, mu nangul nu.

# 21

*Aji Sax ji baaxe na Buur*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Céy Aji Sax ji, Buur a ngi bége sa doole,
di bànneexoo sag wall rekk.
3 Yaa ko may nammeeli xolam,
gàntuwulooy dagaanam.
Selaw.

4 Yaa ko gatandoo barkey ngëneel,
kaalaa ko wurusu ngalam.
5 Mu ñaan mucc,
nga saxal jalam fàww,
6 sag wall a ko sagal a sagal!
Teraangaak daraja nga ko sédd,
7 jagleel ko barke bu sax dàkk,
bégale ko sa kanam, mu bànneexu.
8 Buur wóolu na Aji Sax ji, moos,
du tërëf, Aji Kawe jee gore.

9 Buur, yaa naan sa noon yépp céex,
ne say bañ taral.
10 Soo nee jalañ, jafal, ñu boy.
Aji Sax ji mer, sànk leen,
sawara xoyom leen.
11 Yaay raafal seeni giir fi kaw suuf,
fey seen askan ci doom aadama yi.
12 Ñoo la mébal lu bon,
nasal la pexe, àntuwul.
13 Nga di leen diir fittu kanam,
ñu wone gannaaw.

14 Aji Sax ji, jógal ak sa manoore,
nu joobe la, woy sa jaloore.

# 22

*Jëkke jàq, mujje sant*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda, dëppook galan bi ñu
dippee Kéwélu fajar.

2 Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga wacc
ma?
Ma binni, binneeti, wall sore.
3 Éy sama Yàlla, ma woote bëccëg,
wuyuwoo;
woote guddi, noppaloo ma.
4 Yaw de, yaay ku sell, tooge sab jal,
Israayil di la kañ.
5 Yaw la sunuy maam wóolu woon,
wóolu la, nga xettali leen.
6 Yaw lañu daa woo wall, mucc;
yaw lañu wóolu woon te rusuñu.
7 Man nag aw sax rekk laa, matuma nit.
Doom aadama sewal ma, aw xeet tuutal
ma.

8 Ku ma gis ñaawal ma,
biiñ ma, xeelu ma, naa:
9 «Na wéeru ci Aji Sax ji, mu xettali ko;
su ko soppee, na ko wallu.»
10 Yaw de yaa ma roccee sama biiru ndey,
naxe ma sama weenu yaay.
11 Yaw laa dénkoo ba may juddu,
ba ma juddu ci sama ndey, ngay sama Yàlla.
12 Bul ma sore,
musiba teew na, wall amul!
13 Noon yaa ngi ma gaw ni coggalu yëkk,
dar ma ni ponkali yëkk ya fa Basan.
14 Ñu ŋa ma, ŋàpp,
ni gaynde guy yëmmooka fàdde.
15 Doole ŋiis,
yax yoqi,
fit ne soyox, seey.
16 Làmmiñ taqoo denqleñ,
doole jeex, ma wow koŋŋ,
nga tëral ma buntu bàmmeel.
17 Ay xaj a ma wër,
di gàngooru saay-saay, dar ma kepp,
bëtt samay loxook samay tànk.
18 Maa ngii, mana waññ sama yax yépp,
ñoom ñuy xoole, di ma seetaan,
19 séddoo samay yére,
tegoo bant sama mbubb.
20 Waaye yaw, Aji Sax ji, bul sore;
yaa may dooleel, gaawe ma.
21 Xettalil sama bakkan ci saamar,
ba sama benn bakkan bii mucc ci selli xaj!
22 Musal ma ci pàddum gaynde ak ndañum nagu àll.

Yaa ma wallu woon!
23 Maay siiwali saw tur ci samay bokk,
maa lay kañ fi digg mbooloo mi.
24 Yeen ñi ragal Aji Sax ji, santleen ko.
Yeen askanu Yanqóoba wépp, màggalleen ko.
Yeen bànni Israayil gépp, wormaalleen ko.
25 Moom de sàgganewul mbaa xeebul boroom tiis,
làqu ko kanamam,
ba mu wootee, wuyu na ko.
26 Yaw laay sante ndaje mu mag,
sottalal la samay dige*, ñi la ragal seede.
27 Ku woyof a cay lekk ba doyal,
kuy wut Aji Sax ji, sant ko.
«Guddleen a gudd fan!»

28 Àddina wërngal këpp ay fàttaliku,
walbatiku ci Aji Sax ji.
Làngi xeet yépp sukkalsi ko.
29 Aji Sax jeey boroom nguur,
moo yilif xeet yi.
30 Boroom barke xéewlu, sujjóotal ko,
ku jëm pax it, te bakkanam di lang,
di ko sukkal.
31 Askan wu dikkagul dina jaamu Boroom bi,
ñiy ñëw te juddooguñu dees na leen wax ay mbiram.
32 Ñu dikk, biral njubteem,
jottali xeet wu sosoogul jalooreem.

# 23

*Aji Sax jee may sàmm*

1 Ñeel Daawuda, dib taalifu cant.

Aji Sax jee may sàmm,
du lenn lu ma ñàkk.
2 Parlu mu naat la may gooral,
wal mu dal, mu tette ma ca,
3 leqali ma,
teg ma ci yooni njub
ngir teraangay turam.
4 Su may jaare xuru dee wu ne këruus it,
duma ragal loraange:
yaw laak man,
sa bantu sàmm ak sa nguul,
yooyoo may dalal.

5 Yaa ma berndeel,
noon yi gis,
nga diwal ma saa bopp, terale ma,
saab kaas rembat.
6 Mbaax ak ngor kay la ma Aji Sax jiy dare sama giiru dund,
ma dëkke këram ba fàww.

# 24

*Ana kuy màggal Buur Yàlla?*

1 Ñeel Daawuda, dib taalifu cant.

Aji Sax jee moom suuf ak li ko fees,
ak àddina ak li ci biiram.

* **22.26 *sottalal la samay dige:*** dige yooyu ay saraxi cant la yu ñuy bokk lekk. Ki koy joxe mooy ñaanal ñi mu ci woo jàmm ak wér ak barke.

2 Moo samp suuf biir géej,
dëj ko ci kaw wal mi.

3 Ana kuy yéegi tundu Aji Sax ji,
kuy taxawi bérebam bu sell ba?
4 Xanaa ku mucc ayib te xolam laab,
xemmemul caaxaani neen,
du giñey fen.
5 Kookooy jagoo barkeb Aji Sax ji,
ak àtteb dëggu Yàlla mi koy musal.
6 Ñooñooy waa làng gi lay wut,
di maasug Yanqóoba giy sàkku sa yiw.
Selaw.

7 Neleen bunt yi kulbét,
ubbileen bunti cosaan yi,
Buur, Boroom ndam duggsi.
8 Buur, Boroom ndam booboo di kan?
Xanaa Aji Sax ji Boroom dooleek njàmbaar,
Aji Sax ji jàmbaaru xare ji.
9 Neleen bunt yi kulbét,
ubbileen bunti cosaan yi,
Buur, Boroom ndam duggsi.
10 Buur, Boroom ndam booboo di kan?
Xanaa Aji Sax ju gàngoor yi.
Kookooy Buur, Boroom ndam.
Selaw.

# 25

*Aji Sax jeey gindee, di yiire*
1 Ñeel Daawuda.

Aji Sax ji, yaw laay diis sama bakkan.
2 Sama Yàlla, yaw laa yaakaar.
Yàlla buma rus,
noon yi ree.
3 Deesu la séentu, ba rus.
Kuy wor ci neen mooy rus.

4 Éy, Aji Sax ji, won ma saw yoon,
xamal ma fi nga ma jaarloo.
5 Jiitee ma sag dëgg, jàngal ma.
Yaw yaay Yàlla ji may musal,
ma di la yendoo yaakaar.
6 Aji Sax ji, bàyyil xel sa yërmandeek sa ngor,
sa jikkoo ngi fés ba nëgëni.
7 Bul xool li ma bàkkaare ndaw ak li ma moy.
Aji Sax ji, xoole ma sa ngor ngir sag mbaax.
8 Aji Sax jee baax, rafeti dogal,
di gindi moykat ci yoon wi,
9 di jiite ku woyof mbubb ci njubte,
di ko xamal aw yoonam.
10 Aji Sax ji ngor ak dëgg rekk lay jiitee
kuy sàmm kóllëreem ak seedey yoonam.

11 Éy Aji Sax ji, tooñ naa lool,
jéggal ma ngir sa tur.
12 Ana kuy wormaal Aji Sax ji,
mu won ko yoon wi mata tànn,
13 muy dunde ngëneel,
askanam moom réew mi?
14 Ndéeyu Aji Sax ji, jagley ku ko ragal.
Kóllëreem la koy xamal.
15 Samay gët jàkk rekk ci Aji Sax ji,
moo may xettali ci fiiru noon.

16 Ngalla geesu ma, baaxe ma,
maa wéet, néew doole,
17 sama xol feesey xalaat.
Rikk, teggil ma njàqare!
18 Xoolal sama naqar ak sama tiis,
te baal ma bépp bàkkaar.
19 Xoolal noon yi ne gàññ,
bañ ma mbañeelu fitna.

20 Éy, aar ma, musal ma!
Bu ma rusloo,
yaw laa làqoo.
21 Yal na ma mànduteek njub taxawu,
maa ngii, di la xaar.
22 Éy Yàlla, teggilal Israayil tiisoo tiis.

# 26

*Ma waajal ndajem kër Aji Sax ji*
1 Ñeel Daawuda.

Aji Sax ji, àtte ma,
man de màndu laa wéye,
Aji Sax ji laa wóolu, jenguma.
2 Aji Sax ji, nattu ma, seetlu ma,
seggal xel ak xol.
3 Maa ngi janook sa ngor,
di doxe sa dëgg.
4 Toogumaak naxekat,
lëngoowumaak naaféq,
5 sib naa gàngooru saay-saay,
toogumaak ku bon.
6 Aji Sax ji, maay jàpp ci biir mucc ayib,
di wër sa sarxalukaay,

7 àddu, sant la,
lim sa jépp jaloore.
8 Aji Sax ji, maa sopp sa dëkkuwaay,
bëgg béreb bi sag leer teew.

9 Bu ma buubaaleek bàkkaarkat, sànni,
di ma booleek bóomkat, bóom.
10 Seeni loxoo nga sóobu ci mbon,
ndijoor ya fees aki ger.

11 Man nag màndu laay wéye,
tee nga maa jot, baaxe ma?
12 Ndokk bi ma taxawee joor gu wóor.
Ma màggal Aji Sax ji fi ndajey way-ngëm ñi.

## 27

*Xare jib, ma ànd ak Yàlla*

1 Ñeel Daawuda.

Aji Sax jee may leeral, di ma wallu.
Ana ku may ragal?
Aji Sax jeey aar sama bakkan.
Ana ku may tiit?
2 Ab soxor wutsi ma,
nar maa yàpp,
noonoo ma, bañ ma;
mooy tërëf, fëlëñu.
3 Bu gàngoor booloo sama kaw,
duma raf.
Ab xare jib,
ma ànd ak Yàlla.

4 Lenn laa ñaan Aji Sax ji,
lii laay sàkku:
dëkk kër Aji Sax ji
sama giiru dund,
di niir taaru Aji Sax ji,
te yéemoo këram.
5 Bésub fitna, mu yiire ma mbaaram,
làq ma, ma làqoo xaymaam,
aj ma ciw doj, ma raw.
6 Ma doxe fa siggi,
tiim noon yi ma wër,
di sarxali fa xaymaam saraxi sarxolle.
Naa woyal Aji Sax ji, joobe ko.

7 Éy Aji Sax ji, déglul, ma woote!
Ngalla baaxe ma, nangul ma.
8 Yaw la sam xel ne ma, ma jaamu la,
te it yaw Aji Sax ji laay jaamu.
9 Sang bi, bu ma làqu,
bul mer, jañax ma.
Yaa ma daa wallu.
Bu ma wacc, bu ma ba,
yaay Yàlla mi may musal.
10 Ndey ak baay man nañu maa wacc,
Aji Sax ji fat ma.
11 Éy Aji Sax ji, joxoñ ma saw yoon,
jaarale ma joor gu wóor,
ngir ñi may tëru.
12 Bu ma bàyyee bànneexu noon.
Seedey naaféq a ma jógal,
di sos fitna.
13 Maay dajeek ngëneelu Aji Sax ji
fi kaw suuf sii.
Lii wóor na ma.
14 Yaakaaral Aji Sax ji,
dëgërlul te amu fit,
te yaakaarati Aji Sax ji.

## 28

*Aji Sax jeey àtte ñoñam*

1 Ñeel Daawuda.

Éy Aji Sax ji, yaw laay woo,
di la wéeroo, bu ma tanqamlu.
Soo nee cell,
ma xawa tàbbim pax.
2 Ngalla déglul, ma tinu la,
woo la wall,
dékk lay loxo,
jublu sa néegu biir bu sell ba.

3 Bu ma sànkaaleek ab soxor,
di ma booleek kuy def lu bon,
di wax moroom ma jàmm,
te dencal ko ay ca xolam.
4 Fey leen seen liggéey,
seen kemu jëf ju bon.
Jox leen seen añu jëf,
yool leen seen yelleef.
5 Xooluñu Aji Sax jeeki jëfam,
ak liggéey bi mu def.
Da leen di yàqate,
te dootu leen yékkati.

6 Jaajëfe Aji Sax ji,
ki ma nangul samay dagaan!
7 Aji Sax jee may dooleel, di ma feg.
Moom laa wóolu, mu wallu ma,
sama xol tooy,
ma woy, sante ko.

8 Aji Sax jeey dooleel ñoñam.
Mooy làq, di musal buur bi mu fal.
9 Ngalla musalal sa mbooloo,
barkeelal sa ñoñ ñii,
sàmm leen, boot ba fàww.

# 29

## *Aji Sax jeey boroom ndam*

1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

Yeen goney Yàlla yi, seedeelleen Aji Sax ji,
seedeelleen ko teraangaak doole,
2 seedeelleen Aji Sax ji màggaayu turam.
Sujjóotalleen Aji Sax ji gànjaroo sellaay.

3 Aji Sax jeey àddu ca kaw ndox ma,
Yàlla mu tedd maa dënu,
Aji Sax jeey tiim ndox mi ne màww.
4 Aji Sax jeey àddoo doole,
Aji Sax jeey àddoo daraja.
5 Aji Sax jeey àddu, falaxe garabi seedar,
Aji Sax jee rajaxe seedari Libaŋ.

6 Réewum Libaŋ, mu curpiloo ni wëllu,
tundu Siryoŋ* it, mbete yëkk wu ndaw.
7 Aji Sax jeey àddu,
fettaxal sawara, mu boy.
8 Aji Sax ji àddooti, yëngal màndiŋ,
Aji Sax jee yëngal màndiŋu Kades.
9 Aji Sax jeey àddu, kéwél matu,
garabi àll ruus,
biir këram di mennum riir,
naan: «Màggalleen ko!»

10 Aji Sax ji la mbënn ma fekk falu,
Aji Sax jee falu buur ba fàww.
11 Aji Sax jeey kàttanal ñoñam,
di barkeele jàmm ñoñam.

# 30

## *Mucc, bég*

1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda ca daloob
kër Yàlla ga.

2 Aji Sax ji, dama lay kañ.
Yaa ma yékkati,
ba noon reetaanu ma.
3 Aji Sax ji sama Yàlla, maa la woo wall,
nga faj ma.
4 Aji Sax ji, yaa ma jukkee njaniiw,
may ma bakkan, ma tàggook ñiy tàbbi
njaniiw.

5 Yeen aji gëm ñi, woyleen Aji Sax ji,
njukkale ko sellaayam.
6 Meram di lu gàtt,
aw yiwam sax dàkk.
Rongooñ gane, fanaan,
ay ree xëysi.

7 Man damaa baaxle woon, ba ne:
«Deesu ma rëññeel mukk.»
8 Aji Sax ji, booba yaa ma baaxe,
dëj ma, ma ne kekk niw tund.
Nga fuuyu, ma jàq.
9 Aji Sax ji, yaw laa woo wall;
Boroom bi, yaw laa ñaanu yiw,
10 ne la: «Ma dee, tàbbi bàmmeel,
ana lu mu lay jariñ?
Nu la pëndu pax di sante,
bay biral sa kóllëre?
11 Aji Sax ji, déglul, baaxe ma;
éy Aji Sax ji, dimbali ma.»

12 Yaa ma soppil samay rongooñ ay ree,
summi sama yérey tiis, solal ma bànneex.
13 Naa la woye xol, baña selaw.
Aji Sax ji, sama Yàlla, ma sant la ba fàww!

# 31

## *Naa siggi, noon sëgg*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Aji Sax ji, yaw laa làqoo,
yàlla buma rus mukk.
Yiwee ma sa àtteb dëgg.
3 Teewlu ma,
gaawe ma,
Yal nangay sama cëslaay, sama rawtu.
Aar ma, ma mucc.
4 Yaay sama cëslaay, sama rawtu.
Jiite ma, wommat ma ngir sa tur.
5 Génne ma fiir gi ñu may tëroo;
yaw yaa di sama rawtu.
6 Yaw laa jébbal samag noo.
Aji Sax ji, Yàlla miy dëgg, ngalla jot ma.

7 Maa bañ kuy topp tuuri neen.
Man, Aji Sax ji laa wóolu.

---
* 29.6 ***tundu Siryoŋ*** mooy tundu Ermon ba tey.

8 Damay bég, di bànneexoo sa ngor,
li nga xoole samaw tiis.
Ràññee nga sama njàqarey xol.
9 Waccoo ma ci loxol noon,
danga maa taxawal fu ma yaatoo.

10 Éy Aji Sax ji, baaxe ma, jàq naa!
Samay gët a ngi giim ndaxu tiis,
xol jeex, yaram jeex.
11 Naqar a ngi may rey,
tiis di wàññi samay fan,
sama doole ŋiis ndax sama njubadi,
samay yax semm.
12 Noonoo noon a ma sewal,
dëkkandoo waxi noppi,
xame seexlu ma,
ku ma gis biti, di ma daw.
13 Kenn xalaatu ma, xanaa fàtte ma ni ku dee,
ma mel ni ndab lu yàqu.
14 Damaa dégg jëw yu bare,
lu raglu dar ma kepp.
Ñu ngi mànkoo, di ma fexeel,
di wut sama bakkan.

15 Man nag Aji Sax ji, ci yaw laa dénku.
Ma ne: «Yaay sama Yàlla.»
16 Yaa yor sama àpp.
Xettali maak ku ma noonoo
ak ku may sonal.
17 Leeralal ma sa kanam, Sang bi,
walloo ma sa ngor.
18 Éy Aji Sax ji, woo naa la wall,
yàlla buma rus.
Yal na ku bon rus,
ne xerem biir njaniiw.
19 Yal nanga tëj gémmiñu fen-kat
buy wax aji jub waxi reewande,
di réy-réylooka xeebaate.

20 Yàlla yaa yaatu ngëneel
loo dencal ku la ragal,
defal ko ku la làqoo,
doom aadama seede.
21 Yaa koy làq fa nga làqu,
fa pexey nit àggul.
Nga yiir ko, mu yiiru
ci ayu làmmiñ.

22 Cant ñeel na Aji Sax ji!
Ndaw kéemtaan ci ngor li mu ma jiwe
biir dëkk bu ñu gaw.
23 Man nag saalitoon naa ne:
«Yàlla dagg na ma, sànni!»
Ndeke ba ma lay woo,
dégg nga samay dagaan.

24 Képp kuy aji gëm, soppal Aji Sax ji.
Aji Sax jeey sàmm ku ko gëm,
di yool, ba wis kuy réy-réylu.
25 Képp ku yaakaar Aji Sax ji,
dëgërlul te amu fit.

# 32

*Njéggal barke la*

1 Dib taalifu yeete, ñeel Daawuda.

Ndokkalee yaw mi ñu baal ag moy,
jéggal la bàkkaar.
2 Ndokkalee yaw mi Aji Sax ji toppul say tooñ,
te amoo xelum njublaŋ it.

3 Ba ma nee cell,
damaa ràgg,
dëkke naqar.
4 Guddeek bëccëg
sa loxo diis gann ci man.
Sama doole ŋiis
ni ndox mu jaas upp.
Selaw.
5 Ma xamal la ne moy naa,
làqatuma la sama ñaawtéef.
Ma ne: «Naa àgge Aji Sax ji sama bàkkaar.»
Yaw nga baal ma peyug tooñ.
Selaw.

6 Nii la, kuy aji gëm di ñaane,
bu ñaan jotee.
Mbënn mu baawaan, di wal sax,
du ko laal fenn.
7 Yaw laay làqoo,
nga di ma aar ciw ay,
may ma ba ñi ma wër, di ko bége.
Selaw.

8 Nga ne ma: «Dama laa xelal,
xamal la fi ngay jaar,
digal la, di la bàyyi xel.
9 Buleen mel ni fas mbaa berkelle
mi amul ag dégg,
laab ak tarka di ko téye,
mu doora yem fi seen wet.»

10 Ku bon barew tiis.
Ku wóolu Aji Sax ji,
mu yiire la ngoram.
11 Yaw aji jub ji, bégal te bànneexoo Aji Sax ji.
Képp kuy def njub, sarxolleel!

# 33

*Nan woy Boroom bi nu sàkk*

1 Yeen aji jub ñi, sarxolleleen ci Aji Sax ji;
kuy jubal, màggal war na la.
2 Xalamleen, sante Aji Sax ji,
xalamalleen ko xalamu fukki buum.
3 Fentalleen ko woy,
xalam, mu neex, sarxolle jib.

4 Aji Sax jee jub kàddu.
Mooy jëfe lépp kóllëre.
5 Moo bëgg dëgg ak yoon.
Aji Sax ji, ngoram a fees àddina.

6 Kàddug Aji Sax ji la asamaan sosoo,
ci baatam la gàngoori asamaan yépp sàkkoo.
7 Moo boole ndoxi géej, jal,
yeb xóotey géej ciy mbànd.
8 Yeen waa àddina sépp, ragalleen Aji Sax ji;
yeen àddina wërngal këpp, wormaalleen ko.
9 Moo àddu, mu am;
santaane, mu sotti.
10 Aji Sax jeey neenal li xeet yiy fexe,
di gàntal li mbooloo yiy mébét;
11 Aji Sax ji nas, mu àntu ba fàww,
mu mébét, mu sottil maasoo maas.
12 Ndokkalee yeen xeet wi Aji Sax ji di seen Yàlla,
yeen askan wi Aji Sax ji séddoo.
13 Asamaan la Aji Sax jiy jéere,
di gis doom aadama yépp.
14 Jal ba mu tooge
lay niire waa àddina sépp.
15 Moo tabax seen xol, ñoom ñépp;
lu ñu def, xam na ko.
16 Mbooloo mu réy mayul Buur ndam,
doole ju bare walluwul jàmbaar.
17 Yaakaar aw fas nax sa bopp la,
kàttanu fas dug wall.
18 Ma ne, Aji Sax jee naa jàkk ku ko ragal
tey wéeroo ngoram.
19 Day bakkanam,
di ko dundal cib xiif.

20 Nu ngi séentu Aji Sax ji,
moo nuy taxawu, di nu feg.
21 Ci moom la sunu xol di sedde,
turam wu sell lanu wóolu.
22 Aji Sax ji, ngalla baaxe nu sa ngor,
moom lanu yaakaar fi yaw.

# 34

*Aji Sax ji du tanqamlu aji jub*

1 Ñeel Daawuda. Mooy ba muy
wayadi-wayadilu ca kanam Buur
Abimeleg, ba Abimeleg dàq ko, mu dem*.

2 Naa màggal Aji Sax ji saa su ne,
di ko sant fu ma tollu.
3 Aji Sax ji laay sagoo,
néew-ji-doole dégg, bég.
4 Kañleen Aji Sax ji, ànd ceek man,
nu bokk wormaal turam.

5 Maa topp Aji Sax ji, mu nangul ma,
tàggale maak lépp lu ma ragal.
6 Ku yaakaar Aji Sax ji bég, leer nàññ,
gàcce du ko sëlëm.
7 Néew-ji-doole woote, Aji Sax ji wuyu,
musal ko fu mu jàqe.
8 Ku ragal Aji Sax ji, malaakaam yiir la,
di la wallu.
9 Mosleen, xam ne Aji Sax jee baax,
ndokkalee yaw mi ko làqoo.
10 Ragalleen Aji Sax ji, yeen nitam ñu sell ñi;
ku ko ragal doo ñàkk dara.
11 Gaynde man naa ndóol, xiif,
nit kiy jaamu Aji Sax ji ñàkkul lenn lu baax.

12 Dikkal doom, déglu ma,
ma jàngal la ni ñuy ragale Aji Sax ji.
13 Ana ku dund neex,
mu bëgga fekke bés bu rafet, ba gis ngëneel?
14 Na làmmiñam daw lu aay,
dawi fen.
15 Na dëddu lu bon tey def lu baax,
sàkku jàmm, saxoo ko.

16 Ay gët la Aji Sax ji ne jàkk aji jub ñi,

* **34.1** Seetal ci *1.Samiyel* 21.11-16. Akis buurub Gaat mooy Abimeleg ba tey.

te ay noppam la dékk seeni woote wall.
17 Aji Sax jeey won gannaaw ñiy def lu bon,
ngir dagge leen kaw suuf, far seeni tur.
18 Ñi jub yuuxu, Aji Sax ji dégg,
fu ñu jàqe, mu musal leen.
19 Seen yaakaar tas, Aji Sax ji jege leen,
seen xol jeex, Aji Sax ji wallu leen.
20 Musiba bare naa dal ku jub,
Aji Sax ji musal ko ci lépp,
21 di ko sàmm,
ba benn yaxam du damm.
22 Musiba nag day rey ku bon,
te ku bañ aji jub, yoon dab na la.
23 Aji Sax jeey musal ab jaamam,
képp ku ko làqoo, yoon du la dab.

# 35

*Aji Sax ji, àtte maak noon yi*

1 Ñeel Daawuda.

Éy Aji Sax ji, digaaleel ak samay digaale,
xeexal maak ñi may xeex.
2 Fëkkal sa pakk ak sa kiiraay,
taxawusi ma,
3 xàccal sa xeej ak sa sémmiñ,
dajeek ñi may dàq.
Déey ma, ne ma: «Sag mucc, man a.»
4 Ñiy wut sama bakkan, yal nañu rus ba torox;
ñi may fexee lor, yal nañu leen waññi, sewal leen.
5 Yal na leen malaakam Aji Sax ji bëmëx,
nim ñax mu ngelaw wal.
6 Yal na leen malaakam Aji Sax ji dàq,
ñuy lëndëmtuy tarxiis.

7 Defuma dara, ñu di ma fiir,
defuma dara, ñu gasum yeer, di ma tëru.
8 Yal nañu sànkoo mbetteel,
keppoo seen fiir,
sànkoo seenum yeer.

9 Su boobaa ma bége Aji Sax ji,
bànneexoo wallam,
10 di ko sante sama jëmm jépp,
naan: «Éy Aji Sax ji, ana ku mel ni yaw,
di xettali néew-ji-doole ci boroom doole,
ak ku néewleek ku ñàkk ca ka leen di lekk?»

11 Nit ku bon a ngi may duural,
di ma jiiñ lu ma yégul.
12 Ma ji leen njekk, ñu fey ma njekkar,
ndaw tiisu xol!
13 Man de ba ñu woppee, maa ngi ñaawlu,
di woor, toroxloo,
sukk, ñaanal leen,
14 tiisoo leen ni saab xarit mbaa doomu ndey,
di ñaawlooka yoggoorlu ni ku ñàkk yaay.
15 Ma daanu tey, ñu daje di ko bége,
dajaloo fi sama kaw,
di ma fexeel te yéguma,
di ma yàpp, tëë ba.
16 Tekkiwuñu dara, di ma ñaawal rekk
te di ma màttu.
17 Éy Aji Sax ji, loo deeti seetaan?
Musal ma ci seenum pàdd,
wallu ma ci yii gaynde,
sàmmal ma sama benn bakkan bii!
18 Maa lay sante fa ndaje yaatoo,
màggal la ci digg mbooloo mu yaa.

19 Noon bu ma deful dara, yàlla bumu gis lu mu ma damoo.
Ku ma bañ ci dara, yàlla bumu ma kókkali.
20 Waxuñu jàmm,
xanaa di ràbbal niti jàmm ci réew mi
ay kàdduy tuuma.
21 Ñu ngi ma ŋa ŋàpp, di ma tuumaal,
naan: «Yaw a, yaw a, noo la gis!»

22 Éy Aji Sax ji, yaa ci gis, bul selaŋlu,
éy Boroom bi, bul ma sore.
23 Jógal, sàmmal ma sama àq.
Sama Yàlla, Boroom bi, àtte ma yoon.
24 Aji Sax ji sama Yàlla, àttee ma sa dëgg,
ñu bañ maa ree!
25 Yàlla buñu wax ci seen xel ne: «Ñaw! Lii rekk lanu bëggoon.»
Yàlla buñu ne: «Sàkkal nanu ko pexe.»

26 Ku bég ci sama njàqare,
yal nanga rus, ba torox.
Kuy réy-réylu ci sama kaw,
yal nanga am gàcce, ne yàcc.
27 Ku bég ci li Yàlla setal sama der,
yal nanga bànneexu, di sarxolle,
foo tollu di biral naan:
«Aji Sax jee màgg!
moom miy bége jàmmi jaamam.»
28 Man it ma tudd sab àtte,
di la dëkke màggal!

# 36

*Nit ñaaw, Aji Sax ji gore*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel Daawuda
jaamub Aji Sax ji.

2 Kàddug tooñ ga ku bon wax mu ngi ci
sama xel mi.
Mu ne: «Ana lu may ragal ci Yàlla?»
3 Day gis boppam, naagu,
ba du gis sikkam, sib ko.
4 Ay waxam coxor aki fen,
jëfeetul lu rafet ak lu baax.
5 Day mébét lu ñaaw cib lalam,
taxawe yoon wu dëddu mbaax,
te du bañ lu bon.

6 Céy Aji Sax ji, gore nga ba kaw asamaan,
dëggu ba ci kaw-li-kaw.
7 Sa njubtee tiim tund yu mag yi,
sa àtte ne xéew ni xóotey géej.
Céy Aji Sax ji, nit ak mala, nga boole sàmm!
8 Céy Yàlla, yaa wéet ngor,
doom aadama yiiroo sa keppaar, yiiru;
9 yafloo sa njël lu duun,
sa xéewal wal, nga nàndale ko.
10 Ci yaw la dund di balle,
te sag leer lanuy leerloo.

11 Jotaleel sa ngor ku la xam,
jotale sa njubte kuy nas njub.
12 Yàlla bu ma ku reew teg tànk;
loxo ku bon, yàlla bumu ma taxa daw.
13 Defkati mbon yaa ngii, daanu,
ne lareet, tëlee jóg.

# 37

*Bu sa xol jóg*

1 Ñeel Daawuda.

Bu sa xol jóg ci ku bon,
bul ñee kuy def njombe.
2 Léegi mu wow nim ñax,
lax ni gàncax.

3 Dénkul ci Aji Sax ji, di def lu baax,
ba des ci réew meek jàmm.
4 Deel bànneexoo Aji Sax ji,
mu may la say nammeel.

5 Jébbalul ci Aji Sax ji,
dénku ci moom, mooy sottal.
6 Day setal sab der ni jant bu fenk;
sab àtte ne ràññ ni njolloor.

7 Neel tekk, xaar Aji Sax ji,
yaakaar ko.
Bu sa xol jóg ci kuy baaxle
tey lal ay pexe.

8 Baal mer, dëddu xadar.
Xol bu jóg, loraangey neen.
9 Ku bon, ñu dagg, sànni;
ku yaakaar Aji Sax ji, jagoo réew mi.

10 Nes tuut, ku bon ne mes,
nga seet, seet, mu réer.
11 Waaye néew-dooleey jagoo réew mi;
jàmm ne ñoyy, ñu bége.

12 Ku bon fexeel ku jub,
di ko màttu,
13 Buur Yàlla di ko ree,
xam ne bésam a ngi ñëw.

14 Ku bon bocci saamar,
tàwwig fitt,
nara rey ku ñàkk, néewle,
nara bóom kuy jubal;
15 far jam boppam saamaru xol,
fittam damm.

16 Aji jub, as tuutam
moo gën koomu ku bon.
17 Ku bon kat, sa doole dëddu la;
ku jub, Aji Sax ji wallu la.

18 Ku màndu, Aji Sax ji yég la,
sab cér sax.
19 Bu mettee doo rus,
te bésub xiif dangay regg.

20 Ku bon sànku;
noonub Aji Sax ji, taaru tool bu naat la,
bu tàkkee, jeex tàkk.

21 Ku bon leb, du fey;
ku jub yéwén, di joxe.
22 Aji Sax ji barkeel la, nga jagoo réew mi
moos;
mu alag la, nga dog.

23 Bu Aji Sax ji rafetloo saw yoon,
mooy jiite say jéego.
24 Soo tërëfee it, doo daanu.

Aji Sax jee lay walloo loxoom.

25 Ba may ndaw, ba tey may mag,
gisuma ku jub ñàkk ndimbal,
mbaa askanam di dunde yalwaan.
26 Day saxoo tabe, di leble,
askanam barkeel.

27 Dëddul mbon, di jëfe mbaax,
ba dëkke réew mi fàww.
28 Aji Sax ji kat dafa jiital yoon,
te du wacc jaamam bu gore.
Day fegu ba fàww;
askanu ku bon dog.
29 Aji jub ay jagoo réew mi,
dëkke ko ba fàww.

30 Kàddug aji jub day xelu,
wax ja jub;
31 yoonu Yàllaam a nga ca xol ba,
du dox ba tërëf.

32 Ku bon a ngi yeeru ku jub,
di ko wuta bóom.
33 Waaye Aji Sax ji du ko bàyyeek moom,
te deesu ko daan cib layoo.

34 Yaakaaral Aji Sax ji, sàmm yoonam,
mu teral la, nga jagoo réew mi,
ku bon sànku, ngay gis.

35 Damaa gis ku bon di noote,
te sëq ni garab gu naat fa mu fekk baax,
36 ma jaareeti fa, ndeke wuute na,
ma seet ko, gisuma ko.

37 Bàyyil xel ku màndu, xool ku jub;
muj, fa nitu jàmm.
38 Moykat yeey sànkoondoo,
ku bon amul muj.

39 Aji Sax jeey musal ku jub,
di ko aar bésub njàqare.
40 Aji Sax jee koy taxawu, wallu ko,
wallu ko ci ku bon, musal ko,
ndax li mu ko làqoo.

# 38

*Maa wopp, tuub, di jooy*

1 Dib taalifu cant buy fàttalee, ñeel
Daawuda.
2 Éy Aji Sax ji, bul mer, di ma rëbb;
bul xadaru, di ma mbugal.
3 Aji Sax ji, fitt nga maa fitt,
dóor nga ma.
4 Danga maa mere, ma wéradi;
maa bàkkaar, ba jagadi.
5 Samay ñaawtéef mëdd ma,
diisa diis, ba àttanuma ko.
6 Maa defug ndof,
ba am dana yu bédd, ba xasaw.
7 Maa ngi sëgg, ne yàcc, ne yasar,
di wéye tiis,
8 yaram tàng, di bax,
ma wéradi, ne làcc.
9 Sama yaram dee goyy, ma ne lasar,
jàq, di binni.
10 Boroom bi, yaa ngi ne jàkk ci samay
nammeel,
samay onk umpu la.
11 Sama fit a ngi tëf-tëfi, doole ŋiis,
gët giim.
12 Samay dana tax xarit ak dëkkandoo di
ma daw,
mbokk dànd ma.
13 Ñi may wuta rey a ngi may fiir,
di ma jéema lor, di ma waxal musiba,
yendu maa lalal pexe.
14 Man, ma mel nib tëx, dégguma,
mel ni luu, àdduwuma,
15 di saf ku dul dégg,
bay layoo.

16 Aji Sax ji, yaw laa yaakaar;
Boroom bi, sama Yàlla, yaa may nangul.
17 Ma ne, ngalla buñu ma ree,
di damoo samab jéll.
18 Maa ngii di waaja daanu,
dëkke mitit.
19 Ma ne, aylayéwén def naa lu ñaaw,
sama bàkkaar tiital na ma.
20 Noon yaa ngi ne jonn ak seen doole,
bare na ñu ma bañ ci neen.
21 Ma ji leen njekk, ñu fey ma njekkar;
may sàkku lu baax, ñu di ma sikk.
22 Éy Aji Sax ji sama Yàlla, bu ma wacc,
bu ma sore.
23 Ngalla gaawe ma;
Boroom bi, yaa may musal.

# 39

*Dund yàggul*

1 Mu jëm ci Yedutun, njiital woykat yi, dib
taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Dama noon: «Damay moyu ba duma
moye làmmiñ.»
Li feek ku bon di teew,
may ŋalaab sama gémmiñ.
3 Dama noon cell, ne patt,
noppi, ba mu ëpp;
sama njàqare yokku,
4 sama xol diis,
xel di xelaat, xol diis gann;
ma mujj àddu,
5 ne: «Éy Aji Sax ji, xamal ma sama muj
ak sama àppi fan,
ma xam ni sama dund gàtte.
6 Yaatuwaayu loxo nga ma àppal ciy fan,
sama giiru dund du dara fi yaw.
Képp ku taxaw di cóolóolu neen.
Selaw.

7 Nit du lu moy takkndeer buy dem,
cóolóolu neen lay kër-këri.
Nit a ngi dajale, xamul kuy for.

8 «Éy Boroom bi, lu may xaarati?
Sama yaakaar yaw a.
9 Musal ma ci sama mbugali tooñoo tooñ,
bu ma bàyyi, dof di ma reetaan!
10 Noppi naa, dootuma wax,
yaw yaa dogal lii.
11 Waaye ngalla teggil sab yar,
sa diisaayu loxoo ngi may jekkali.
12 Yaay mbugal ku bàkkaar, yar ko,
ronq la mu gëna fonk, ni max.
Nitoo nit, cóolóolu neen.
Selaw.

13 Éy Aji Sax ji, déglul, ma ñaan la,
teewlul, ma woo la wall;
bul tanqamlu sama yuux,
doxandéem doŋŋ laa fi yaw,
di gan ni maam yépp.
14 Ngalla xiddi ma, ma muuñ,
bala maa dëddu, réer.»

# 40

*Déggal Aji Sax jee am solo*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda, dib taalifu cant.

2 May xaar a xaar Aji Sax ji,
mu dégg may woote, geesu ma,
3 génnee ma ca kàmbug sànkute,
sippee ma ca xóotey ban ba,
cëppe ma ca ciw doj,
samp ma, ma dëgër.
4 Moo ma may, ma fent,
woy wu ma woye sunu Yàlla.
Ñu baree seede, di wormaal
aka dénku ci Aji Sax ji.

5 Ndokkalee, yaw mi dénku ci Aji Sax ji,
te sàkkuwoo ku bew
ak kuy topp ay fen.
6 Yaw Aji Sax ji sama Yàlla, bare nga loo
def,
amuloo moroom!
Bare nga kéemaan aki mébét yoo nu
sottalal,
ma bëgga xamle lépp,
te mu bare ba wees ab lim.
7 Saraxi jur ak pepp, taamuwuloo ko,
ay nopp nga ma bënnal,
saraxu rendi-dóomal ak saraxu póotum
bàkkaar,
sàkkuwuloo ko.
8 Ma ne: «Maa dikk nii,
téereb yoon wi indi na li ñu bind ci man.
9 Sama Yàlla, maa defsi sa coobare,
ci sama biir xol la sa ndigali yoon nekk.»

10 Siiwal naa sag njubte ca ndaje mu mag
ma.
Dama ne, Aji Sax ji duma noppi, xam nga
ko.
11 Làquma sag njubte, ne cell ak moom.
Yaa wóor, di walloo, siiwal naa ko.
Làquma sa ngor ak sa kóllëre ca ndaje mu
mag ma.

12 Éy Aji Sax ji, bu ma xañ sa yërmande.
Sa ngor ak sa kóllëre,
yal na ma feg ba fàww.

13 Ay musibaa ma tanc,
ne gàññ, ba wees ab lim.
Samay ñaawtéef a ma dab, ba gisatuma,
baree bare, ba ëpp sama kawari bopp;
sama xol jeex tàkk.
14 Éy Aji Sax ji, yal na la neex, nga wallu
ma!
Éy Aji Sax ji, gaawe ma!

15 Képp kuy wuta fëkk sama bakkan,
yal na rus, torox ne tott.
Kuy bége sama loraange,
yal nañu ko duma, wañ̃ñi ko, mu ne yàcc.
16 Ku may ñaawal,
yal nañu ko toroxal, mu daw, dellu gannaaw.
17 Képp ku la wër,
yal na bég, di la bànneexoo.
Képp ku safoo sag wall,
yal na jàppoo: «Aji Sax ji màgg na!»
18 Man, néew naa doole, ñàkk naa,
waaye yaw Aji Sax ji, danga maa yég.
Yaw yaa may wallu, xettali ma;
sama Yàlla, bu ma yeexe.

# 41

*Jarag bu ñu toŋal a ngi ñaan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Ndokkalee yaw mi yég néew-ji-doole.
Aji Sax jee lay xettali, bésub njàqare.
3 Aji Sax jee lay aar, di sàmm sa bakkan,
nga jagoo barke ci réew mi,
te du la bàyyi noon def la lu ko neex.
4 Aji Sax jee lay dooleel soo woppee,
di soppi bu baax sa tëraay.

5 Dama ne: «Aji Sax ji, tooñ naa la;
baaxe ma, faj ma.»
6 Noon yaa ngi may yéene lu bon,
naan: «Xanaa kii du dee, ba ñu fàtte ko?»
7 Ku dikk, di ma seet, di jinigal
tey fenti sos ci xolam,
bu génnee, tasaare ko.
8 Bañ yépp a ngi may déeyoo,
di ma fexeel lu bon,
9 naan: «Musiba dal na ko, du jógati!»
10 Sama am-di-jàmm bu ma wóolu sax jógal na ma,
te daan lekk samaw ñam.

11 Waaye ngalla Aji Sax ji, baaxe ma,
yékkati ma, ma fey leen.
12 Su noon damuwul ci sama kaw,
ma doora xam ne bége nga ma.
13 Man, damaa màndu, nga taxawu ma,
dëj ma fi sa kanam ba fàww.

14 Cant ñeel na Aji Sax ji Yàllay Israayil.
Moo masa yelloo cant ba fàww.
Amiin, Amiin.

# 42

*Maa namm Yàlla*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu yeete bu ñeel askanu Kore wu góor.

2 Yaw Yàlla, ni kéwél di sàkkoo walum ndox,
maa la koy sàkkoo xol.
3 Maa mar Yàlla,
Yàlla jiy dund!
Kañ laay teewi fa kanam Yàlla?
4 Rongooñ laay dunde
guddeek bëccëg,
noon yi di ma dëkke naa:
«Ana sa Yàlla ji?»
5 Lii laay fàttaliku, sama xol jeex:
dama daan jàll, jiite mbooloo ma,
jëm kër Yàlla ga, di sarxolleeka sant,
ñu booloo di màggal.
6 Moo man, lu may xàddi, ne yogg?
Lu may jàq nii?
Tee maa yaakaar Yàlla, ba santati ko,
moom sama Yàlla mi may wallu?

7 Maa ngi ne yogg,
ba di la fàttalikoo fa réewum Yurdan
ak tundi Ermon ak Miccar.
8 Sa wal ya sotti, xóote awu moroom ma;
say wal ak say gannax, lépp a jaare sama kaw.
9 Bëccëg Aji Sax ji baaxe ma ngoram,
guddi ma fanaane koo woy,
di ñaan Yàlla mi may dundal.
10 Naa wax Yàlla sama cëslaay, ne ko:
«Lu tax nga fàtte ma,
noon di ma fitnaal,
may wéye tiis?»
11 Noon yaa ngi may ñaawal,
di ma yendoo naa:
«Ana sa Yàlla ji?»
Ma ne yàcc, ne yasar.
12 Moo man, lu may xàddi, ne yogg?
Lu may jàq nii?
Tee maa yaakaar Yàlla, ba santati ko,
moom sama Yàlla mi may wallu?

# 43

*Éy Yàlla, àtte ma*

1 Éy Yàlla, àtte ma,

layool maak xeet wu gorewul,
xettali maak ku njublaŋ te dëng.
2 Yaw Yàlla kat yaay sama rawtu.
Lu tax nga wacc ma,
may wéye tiis,
ci nooteelu noon?
3 Ngalla yónneel sag leer ak sa dëgg,
yal na ma yooyu jiite,
yóbbu ma sa tund wu sell,
sa màkkaan ma.
4 Kon Yàlla, naa àgg ca sa sarxalukaay;
yaw Yàlla, yaay sama mbégte, di sama bànneex.
Yaw Yàlla, sama Yàlla,
naa la màggale xalam.
5 Moo man, lu may xàddi, ne yogg?
Lu may jàq nii?
Tee maa yaakaar Yàlla, ba santati ko,
moom sama Yàlla mi may wallu?

# 44

*Xeet waa ngi jooy*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
yeete bu ñeel askanu Kore wu góor.

2 Éy Yàlla, noo déggal sunu bopp,
sunuy maam a nu wax
jëf ja nga jëf ca seeni jant,
bu yàgga yàgg.
3 Yaw ci sa bopp yaa dàq xeet yi,
jëmbat fa maam ya;
yaa mbugal xeet yi,
ñoom, nga yiwi leen.
4 Du seen saamar lañu nangoo réew mi moos,
seen dooley bopp it mayu leen ndam.
Yaa ko defe kàttan ak doole,
geesoo leen sa leeru kanam,
ngir sa cofeel ci ñoom.

5 Yaay kiy sama buur, di sama Yàlla,
mayal askanu Yanqóoba ay ndam.
6 Yaw lanuy dàqe bañ yi,
sa tur lanuy dëggaatee ñi nu song.
7 Du fitt laa wóolu,
du saamar a may may ndam.
8 Yaa nuy musal ci bañ yi,
yaay gàcceel noon ñi.
9 Yàlla lanuy damoo bésoo bés,
di màggal turam ba fàww.
Selaw.
10 Waaye danga noo wacc,
toroxal nu,
ba àndulook sunu mboolooy xare.
11 Wañña nga nu, nu won noon yi gannaaw,
ñu bañ nu, ba futti nu.
12 Ni gàtt yu ñuy yàpp, ni nga nu joxee,
tasaare nu ci biir xeet yi.
13 Jaay nga sa mbooloo ci dara,
te jariñu la tus.
14 Tax nga sunuy dëkk di nu ree,
ñi nu séq di nu kókkaleeka ñaawal.
15 Tax nga xeet yi di nu léeboo,
jàmbur yaa ngi nuy wëcc bopp!
16 Damaa dëkke gàcce,
sëlmoo kersa
17 ndax kókkali yeek xastey nit
ñi ma bañ, di feyoonteek man.

18 Lii lépp dal na nu,
te fàttewunu la, fecciwunu la kóllëre.
19 Dëdduwunu la,
waccunu saw yoon,
20 teewul nga noot nu, wacce nu xaj ya,
këpp nu lëndëmu dee.
21 Su nu la fàtte woon yaw, sunu Yàlla,
ba tàllal tuuri doxandéem yi loxo,
22 du la ump, yaw Yàlla,
mi xam kumpay xol.
23 Yaa tax ñu yendu noo bóom,
dees noo jàppe ni xar yu ñuy tër.

24 Éy Aji Sax ji, jógal! Looy nelaw?
Yewwul, bu nu wacc ba fàww.
25 Loo nu làqe saw yiw,
di fàtte sunu njàqareek sunu coono?
26 Nu ngi ne ñàyy ci pënd bi,
di watat koll fi suuf.
27 Wallusi nu, jot nu ngir sa ngor.

# 45

*Buur a ngi séetal*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bu ñuy wax Tóor-tóor, ñeel askanu Kore wu
góor, dib taalifu yeete, te di woyu
mbëggeel.

2 Woy wu neex a fees sama xol,
may taalifal Buur,
sama làmmiñ ni xalimag bindkatu ndaanaan.

3 Yaa gëna góorayiwe ci àddina,
sa kàddu diw yiw,
ndax Yàllaa la barkeel ba fàww!
4 Jàmbaaroo, takkal sa saamar,
te yànj, am daraja;
5 ànd ak daraja, dawal ba am ndam,
di dawal dëgg ak yërmande ji war,
ba mana def ay jaloore.
6 Yaw Buur, say fitt a ñaw,
di jam say noon ci xol,
ay xeet daanu, nga tiim.
7 Yaw Yàlla, sab jal a sax dàkk ba fàww.
sa yetu buur njub la,
8 yaa sopp dëgg, bañ lu bon,
ba Yàlla, sa Yàlla diwe la diwu mbég,
nga tiim say moroom:
9 sa yére yépp di gilli ndàbbu miir, ak
alowes akum kanel,
ñu di la bégale xalam,
ca sa biir kër yu yànj.
10 Ay doomi buur a ngi ci jigéen ñi nga
teral,
sab lingeer féete la ndijoor,
takkoo ngëneelu wurus.

11 Janq doom, gisal, déglul te teewlu ma,
fàtteel say bokk, fàtte sa kër baay,
12 Buur xemmeme la sab taar;
mooy sab sang, wormaal ko.
13 Waa Tir a lay yótsiy may,
ay boroom alal di wut lu la neex.

14 Séetu Buur duggsi na, ne ràñña,
sol mbubb mu wurus way tàkk.
15 Ñu yóbbul ko Buur, mu ne boyy,
janq ja ànd ak moom, diy toppam, ñu indil
leen Buur,
16 ñu duggsi kër buur,
ci biir mbégteek bànneex.

17 Yaw Buur, yal na la sa doom yu góor
wuutu ci seen jalu maam,
nga def leeni kàngam ci réew mi mépp.
18 Maa lay joobe ba sa tur du fey mukk,
xeet yi saxoo laa sant ba fàww.

# 46

*Aji Sax jee ànd ak man*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, di woy wu
ñeel askanu Kore wu góor, dëppook galan
bu ñuy wax Baatu jigéen.

2 Sunu Yàllaa nuy rawale, di nu dooleel,
di nu wallu fu nu jaaxlee,
3 ba dunu tiit suuf su yëngu sax,
ba tund yiy tàbbi biir géej,
4 mbaa gannax yuy riir, di fuur
aka fuddu bay gësëm tund yi.
Selaw.

5 Ag dex a ngi defi wal, di bànneexal dëkku
Yàlla,
sellaayu màkkaanu Aji Kawe ji.
6 Yàllaa ngi ci biir dëkk bi, du raf;
Yàllaa koy dimbali ba jant fenkee.
7 Ay giir a riir, ay réew yëngu;
mu àddu, suuf seey!
8 Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ànd ak nun,
Yàllay Yanqóoba jee nuy rawale.
Selaw.

9 Dikkleen gis jaloorey Aji Sax ji,
ak yàqute gi mu dogal ci kaw suuf.
10 Mu ngi fey xare ci àddina sépp,
dog fitt, damm xeej, lakk pakk.
11 Mu ne: «Dalleen te xam ne maay Yàlla,
màgg ci biir xeet yi, màgg fi kaw suuf.»
12 Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ànd ak
nun,
Yàllay Yanqóoba jee nuy rawale.
Selaw.

# 47

*Yàllaay Buur*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel askanu Kore wu góor.

2 Na xeetoo xeet tàccu,
xaacu, sarxolleel Yàlla!
3 Aji Sax ji, Aji Kawe jee jara ragal,
mooy buur bu mag bi tiim àddina sépp.

4 Moo nu nangulal xeet yi,
nu teg tànk gàngoor yi.
5 Moo nu tànnal céru suuf,
muy sagu askanu Yanqóoba wii mu sopp.

* **47.6 *bufta,*** ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal.

Selaw.
6 Yàllaa yéeg, kàddu riir.
Aji Sax jee yéeg, bufta* jolli.

7 Woyleen Yàlla, woyleen,
woyleen Yàlla sunu buur, woyleen.
8 Yàllaay buuru àddina sépp;
taalifleen, woy ko.
9 Yàllaa di buuru xeet yi,
Yàllaa tooge jalam bu sell.
10 Kàngami xeet yeey daje,
ànd ak ñoñi Yàllay Ibraayma;
Yàllaa moom buur yi yiir àddina,
te moo kawee kawe.

# 48

*Aji Sax ji aar na Siyoŋ*

1 Di woyu cant, ñeel askanu Kore wu góor.

2 Aji Sax jee màgg, jara màggal a màggal
ca sunu biir dëkku Yàlla, kaw tundam wu sell.
3 Jekk taxawaayee tundu Siyoŋ, catu bëj-gànnaar,
dëkku Buur bu mag bi,
di mbégtem àddina sépp.
4 Yàllaa wone kaaraangeem
ca biir tatay dëkk ba.

5 Buur yaa ngoog daje,
àndandoo.
6 Nun noo gis, jommi,
tiit, fëx,
7 ne fay pat-pati,
jàq ni kuy matu.
8 Ngelawal penku, moom ngay tase
gaal gu mag.

9 La nu déggoon de lanu gis
ca dëkkub Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
sunu dëkku Yàlla ba.
Yàllaa koy dëgëral ba fàww.

Selaw.

10 Céy Yàlla, nu ngi sa biir kër,
di xalaat sa ngor.
11 Céy Yàlla, sa tur ay sa woy
ba ca cati àddina.
Njubte la sa loxo fees.
12 Yal na waa tundu Siyoŋ bég,
waa Yuda bànneexoo say àtte.

13 Doxleen biir Siyoŋ, wër ko,
waññleen ay sooroori tataam,
14 nemmikuy tataam,
doxantoo këri buur,
ba man koo yegge maasug ëllëg,
15 ne leen kii ay Yàlla, sunu Yàlla,
tey ak ëllëg.
Moo nuy jiite ba saa taxaw.

# 49

*Alal day naxe*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel askanu Kore wu góor.

2 Yeen, xeetoo xeet, dégluleen;
yeen, waa àddina yépp, teewluleen,
3 ngay ku tuut di ku mag,
nga bareleek nga néewle.
4 Li may wax xel la,
di xalaat yu déggu.
5 Damay teewlu kàddu yu xelu,
xalamal la sama tekkiteb cax.

6 Ana lu may tiit bés yu metti,
yu ma njublaŋ yéewe seeni ñaawtéef,
7 di ñu wóolu seen am-am,
di kañoo alal ju bare?
8 Ana ku mana jot a jot sa bakkanu moroom,
mbaa mu di ko feyal Yàlla njot ga?
9 Njotug bakkan jafe na,
bu ci jéem dara.
10 Ana kuy dund ba fàww,
ba doo gis bàmmeel?

11 Xanaa gis ngeen ne xelu, dee;
dof, dee; naataxóona it faatu rekk,
wacce keneen alalam.
12 Sa bàmmeel di sa kër ba fàww,
di sa dëkkuwaay bu sax dàkk,
boo tudde woon sa bopp ay suuf sax.
13 Nit ak darajaam fanaanul,
mook aw rab a yem, sànku rekk.

14 Nii la ku wóolu boppam di mujje,
mook ku ko topp, di safooy waxam.

Selaw.

15 Nara dee rekk niy xar,
dee wommat, yóbbu,
njub fenk nib jant, ku jub moom leen,
njaniiw mëdd seen jëmm,
fu sore kërug daraja.

16 Waaye Yàllaa may musal ci dooley
njaniiw,
jot sama bakkan, ba jël ma.
Selaw.

17 Buleen yéemu ci ku barele,
teraangay këram di yokku.
18 Du dee ba yóbbaale dara,
teraangaam du ko topp biir bàmmeel.
19 Na bége bànneexu bakkanam,
ñu di ko kañe koomam,
20 ba tey, day dee, fekkiy maamam,
ña dootul gisug leer ba fàww.
21 Nit ak darajaam te amul dégg,
mook aw rab a yem, sànku rekk.

## 50

*Aji Sax ji xol lay gërëm*

1 Dib taalifu cant, ñeel Asaf.

Yàlla, Aji Sax ji Yàlla àddu na,
di woo àddina, penku ba sowu.
2 Ca Siyoŋ, dëkk ba ca taar ba
la Yàlla feeñe ni leer gu jolli.
3 Sunu Yàllaa ngi ñëw te du ne cell,
sawaraa ko jiitu, di xoyome,
ngëlén lu mag wër ko.
4 Ma ngay woo seede asamaan ak suuf,
ngir àtte ñoñam.
5 Mu ne: «Dajaleel ma sama wóllëre
yiy sarxal, di ko fasee sama kóllëreek
ñoom.»
6 Asamaan a ngi biral àtteb Yàlla,
ndaxte mooy Kiy àtte.
Selaw.

7 «Yeen sama ñoñ, dégluleen, ma wax leen;
yeen waa Israayil, ma sikk leen.
Maa di Yàlla, seen Yàlla.
8 Du seeni sarax laa leen di sikke,
mbaa seen saraxi rendi-dóomal yi sax fi
sama kanam.
9 Soxlawuma yëkku yar ak sikketu gétt.
10 Maay boroom raboo rabu àll,
ak junniy nag yuy fore tund ya.
11 Xam naa njanaawi tund yi,
luy ag jur ci tool yi maa ko moom.
12 Su ma xiifoon, duma leen ko wax,
maa moom àddinaak li ci biiram.
13 Ndax damay lekk yàppu nag
aka naan deretu sikket?
14 Deel jaajëfal Yàlla, sarxale ko,
di fey Aji Kawe ji loo dige,
15 di ma woo bésub njàqare,
ma wallu la, nga màggal ma.»

16 Ñu bon ñi, Yàlla ne leen:
«Lu ngeen di tari sama dogali yoon,
di waxe sama kóllëre?
17 Yeena ngii, bañ sama yar,
xalab samay kàddu.
18 Fu ngeen gisub sàcc, neexook moom,
ab njaalookat, ngeen lëngool.
19 Dangeena afal seen gémmiñ ci mbon,
seen làmmiñ taqoo fen,
20 ngeen di tooge seen mbokk,
di yàq deru doomu ndey.
21 Lii yeena ko def! Damay noppi,
ngeen defe ne damaa mel ni yeen?
Dama leen di sikk, tuumaal leen, ngeen
gis!

22 «Yeen fàttekati Yàlla yi, déggleen lii,
bala maa xotat te kenn du wallu.
23 Ki may sarxale jaajëf moo ma teral;
ku topp yoon, ma won ko wallub Yàlla.»

## 51

*Yàlla, yërëm ma*

1 Mu jëm ci njiitu woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.
2 Mooy ba ko Yonent Yàlla Natan seetsee,
gannaaw ba Daawuda tëddee ndaw sa ñuy
wax Batseba*.

3 Éy Yàlla, ni nga goree, baaxe ma ni,
faral samag tooñ ngir sa yërmande ju yaa.
4 Fóotal maa fóotal sama ñaawtéef,
raxasal ma sama moy.
5 Xam naa ne maa tooñ,
sama moy a ngi janook man saa su ne.
6 Yaw laa moy, yaw doŋŋ.
Li nga ñaawlu laa def.
Kon boo waxee, am dëgg,
te soo àttee, yey.
7 Ñaawtéef daal laa judduwaale,
te sama ndey ëmbaale ma bàkkaar.
8 Dëgg daal nga namm, dëggu reenu xol,
kon déey ma fa xel mu rafet.
9 Wis ma ndox, ma sell;

* **51.2** Seetal ci *2.Samiyel* 11.1—12.25.

sang ma, ma set wecc.
10 Yal nanga ma dégtal mbég ak bànneex,
ma bégati, gannaaw ba nga ma dammatee.
11 Bul xool samay moy,
faral sama ñaawtéef yépp.
12 Éy Yàlla, sàkkal ma xol bu sell,
yeesalal ma pastéefu xol.
13 Bu ma xalab,
bu ma xañ sa noo gu sell.
14 May ma, ma bégeeti sag wall,
te dundale ma xol bu tàlli,
15 ma xamal tooñkat sa yoon wi nga tëral,
ba moykat dellu ci yaw.

16 Céy Yàlla, yaw Yàlla mi may musal,
baal ma deret ji ma tuur,
ma sarxolle sa njubte.
17 Boroom bi, may ma, ma wax,
ma delloo la njukkal.
18 Sàkkuwuloo sarax, nde kon ma indi;
te soppuloo saraxu rendi-dóomal.
19 Saraxi Yàlla, xol bu tuub la,
yaw Yàlla, xol bu tuub ba mokk, doo gàntal
boroom.

20 Ngalla baaxeel Siyoŋ,
yal nanga tabax tatay Yerusalem.
21 Su boobaa nga nangu sarax yi war,
di saraxu rendi-dóomal.
Su boobaa ñu rendi ay yëkk ca sa
sarxalukaay.

# 52

*Yàllaa man boroom doole*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
yeete bu ñeel Daawuda.
2 Mooy ba Doweg, Edomeen ba, demee ca
Sawul, ne ko Daawuda dem na kër
Aximeleg*.

3 Moo! Jàmbaar ji, looy damoo jëfi coxor?
Yàlla, ngoram, bés bu nekk la.
4 Ak sa làmmiñ wi ngay sose loraange,
mel ni saatu su ñu xacc,
rambaaj bi!
5 Lu bon a la gënal lu baax,
fen a la gënal wax dëgg.
Selaw.

6 Yaa bëgg jépp wax juy yàq,
waabajiiba bi!
7 Yàlla da lay sànk ba fàww,
fëkke la sab xayma, yóbbu,
déjjatee la réewum aji dund.
Selaw.

8 Aji jub gis ko, yéemu,
di la ree, naa:
9 «Xoolleen jàmbaar ji làqoowul Yàlla,
xanaa di yaakaar alalam ju bare,
di yokkoo loraange.»

10 Man, ma mel ni garabu oliw gu naat
fa biir kër Yàlla,
di wóoloo Yàlla ngoram tey ak ëllëg.
11 Naa la sante sa jëf ba fàww,
naa biral sa tur wu baax,
say wóllëre teew.

# 53

*Mbon maase na*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bu ñuy wax Maxalat, dib taalifu yeete bu
ñeel Daawuda.

2 Ab dof a nga naa ca xelam:
«Yàlla amul,»
Ñu ni mel ay def njekkar,
seeni jëf siblu,
kenn defu ci lu baax.

3 Yàllaa tollu asamaan, jéer doom aadama,
di seet ku ci xelu, tey wut Yàlla.
4 Ñépp a dëddu,
bokk yàqu yaxeet.
Kenn deful lu baax,
du kenn sax.

5 Yàlla nee: «Xanaa ñiy def lu bon, xamuñu
dara?
Ñuy lekk sama ñoñ niw ñam,
te wutuñu Yàlla.»
6 Waaye ñooy tiit a tiit
fu tiitaange amul.
Yàllaay tasaare néewi nit ñi la gaw.
Yàllaa leen wacc, nga gàcceel leen.

7 Ana kuy tollu Siyoŋ, xettali Israayil?
Éy, bés bu Yàlla tijjee wërsëgu ñoñam,
ndaw mbégte ci giirug Yanqóoba!
Ndaw bànneex laa ne, ci Israayil gii!

* 52.2 Seetal ci *1.Samiyel* saar 21—22.

# 54

*Yàlla, dimbali ma*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki
xalam, dib taalifu yeete bu ñeel Daawuda.
2 Mooy ba waa Sif demee ca Sawul, ne ko
Daawudaa nga làqu ca seenum réew*.

3 Éy Yàlla, musal ma ngir sa tur,
jox ma dëgg, ci sa kàttan.
4 Éy Yàlla, déglul, ma ñaan,
teewlul, ma wax la.
5 Ay doxandéem a ma jógal,
di ñu néeg, bëgga jël sama bakkan,
te seetuñu ci Yàlla.
Selaw.

6 Yàllaa ngii, moo may dimbali;
Boroom bee yor sama bakkan.

7 Yal na ay wi këppu ci ñi may tëru,
yal na leen sa dëgg sànk.
8 Xol bu tàlli laa lay sarxale.
Aji Sax ji, yaa baax, ma sant la.
9 Lépp luy njàqare, yaa ma ci jële,
ma tiim samay noon.

# 55

*Xarit wor na ma*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki
xalam, dib taalifu yeete, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, déglul, ma ñaan la,
bul làqu, dama lay dagaan.
3 Teewlu ma, nangul ma.
Li may tawat a ma xañ jàmm, ub sama bopp;
4 coowal noon yee
ak coonob ñu bon ñi.
Dañu maa teg fitna,
di ma songe xadar.
5 Sama fit a ngi rëcc, di tëf-tëfi;
tiitaangey dee ne ma taral.
6 Njàqaree ma dugg, may kat-kati,
musiba mëdd ma.
7 Dama ne: «Éy ku may may laafi xati,
ma ne fërr, noppaluji.
8 Xanaa ma naaw, ba sore,
fanaani màndiŋ ma.
Selaw.
9 Naa gaawtu, seeluji
ngelaw lu riddi ak ngëlén.»

10 Éy, Boroom bi, beenal seeni wax, neenal leen.
Damaa gis fitnaak xuloo ci dëkk bi,
11 guddeek bëccëg ñuy wër,
ñaawtéef ak ayib wéttali leen.
12 Yàq a nga ca biir,
te nooteel ak njublaŋ jógul ca pénc ma.
13 Su doon noon bu may ñaawal,
ma muñ ko,
mbaa muy bañ bu may won ab dayo,
ma daw ko.
14 Waaye yaw la, sama nawle,
di sama wóllëre, ma xam la.
15 Nu daan bokk bànneexu diisoo,
ànd ak mbooloo, di jaamuji kër Yàlla ga.

16 Yal na leen dee bett,
ñu jekki tàbbi njaniiw,
ngir mbon ga ci seen biir ak seen dëkkuwaay.

17 Waaye man, Yàlla laay woo wall,
te Aji Sax jee may wallu.
18 Subaak ngoon ak njolloor,
may ñaxtooka ñurumtu,
mu dégg ma.
19 Moo may jot ak jàmm,
ba ma mucc ci xare ya ma ñu bare di songe.
20 Yàllaay dégg, duma leen,
moom mi nguuram yàgga sax.
Selaw.
Soppikuwuñu fenn te ragaluñu Yàlla.

21 Workat baa ngi xàcc loxoom jëme ci ñi mu takktool,
di fecci kóllëre,
22 làmmiñ wa daa neex ni lem,
te xare lal xol ba;
kàddu ya gëna nooy ag oliw
te di saamar bu génn mbaram.

23 Sippikul Aji Sax ji lu la diis,
moom moo lay taxawu.
Du bàyyi mukk aji jub, muy tërëf.

24 Waaye yaw Yàlla, yaa leen di tàbbal,
bóomkat ak naaféq ci pax mu xóota xóot,
te seen dund xaajul.

* **54.2** Seetal ci *1.Samiyel* 23.14-28; 26.1-5.

Man nag, ma di la wóolu.

# 56

*Yàlla laa wóolu, ragaluma nit*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bi ñu dippee Pitax mu luu, dëkk fu sore;
diy ñaan, ñeel Daawuda, ba ko Filisteen ña
jàppee ca Gaat*.

2 Éy Yàlla, baaxe ma,
nit a ngi may lakkal,
ab xeexkat a ma yendoo sonal.
3 Noon yee ma yendoo lakkal,
bare lool di xareek man.
Ku màgg ki,
4 bés bu ma tiitee,
yaw laay wóolu.
5 Yàlla laay màggal kàddoom,
Yàlla laa wóolu, ragaluma.
Lu ma nit manal?

6 Bésoo bés ñu ngi jalgati samay wax,
seen mépp mébét di sama loraange.
7 Ñu ngi mànkoo, di ma yeeru,
topp samay tànk,
di wut sama bakkan.

8 Éy gii ñaawtéef! Ñii nu ñu mana mucce?
Éy Yàlla, yal na leen sa mer dal!

9 Tumurànke naa, nga gis.
Duyal samay rongooñ ci sa mbuus.
Du lim nga lépp?
10 Bés bu ma wootee wall,
dees na waññi noon yi,
ma xam ne Yàllaa ànd ak man.
11 Yàlla laay màggal kàddoom,
Aji Sax ji laay màggal kàddoom,
12 Yàlla laa wóolu, ragaluma.
Ana lu ma nit manal?

13 Éy Yàlla, maa tegoo la ma la giñal,
maa lay defal saraxi cant.
14 Yaa ma rawale, ba deewuma,
te duma tërëf.
Damay daagu fi kanam Yàlla,
ci biir leeru àddina.

# 57

*Yàlla jógal, wallu ma!*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bi ñuy woowe Bul yàq, diy ñaan, ñeel
Daawuda, gannaaw ba mu dawee Buur
Sawul, ba dugg ca xunt ma*.

2 Éy Yàlla, baaxe ma, ngalla baaxe ma,
fi yaw laay làqu,
yiiroo sa kiiraay,
ba musiba yi jàll.
3 Ma woo Yàlla, Aji Kawe ji,
Yàlla, mi may matalal.
4 Mooy yónnee fa asamaan, musal ma,
dumaal ma ku may noot.
Selaw.
Yàllaay yónnee jëfi ngoram ak wormaam.

5 Maa ngi tëdd ci biiri noon
yu mel niy gaynde, di yàpp doom aadama.
Seeni sell niy xeej aki fitt,
seen làmmiñ di saamar yu ñaw.
6 Éy Yàlla, yaa màgg, ba sut asamaan,
sag leer tiim suuf sépp.
7 Noon yi di ma fiir,
sama xol jeex.
Ñu gasal mam pax,
far tàbbi ca.
Selaw.

8 Yàlla, dogu naa,
dogu naa woy, di la kañ.
9 Na sama jëmm jépp yewwu,
xalam ak moroom ma yewwu;
ma yee leeru njël.
10 Boroom bi, naa lay gërëm ci biir xeet yi,
kañ la ci biir waaso yi.
11 Sa ngor a màgg, ba àkki asamaan,
sa worma àkki fa kaw-a-kaw.

12 Éy Yàlla, yaa màgg, ba sut asamaan,
sag leer tiim suuf sépp.

# 58

*Yàllaa mana mbugal*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bi ñuy woowe Bul yàq, diy ñaan, ñeel
Daawuda.

* **56.1** Seetal ci *1.Samiyel* 21.11-16. * **57.1** Seetal ci *1.Samiyel* saar 24.

2 Yeen daal, su ngeen waxee, dëgg selaw.
Mbaa yeena ngi àtte nit ñi ci yoon?
3 Yeena ngi mébét njubadi,
di lawal fitna ci réew mi.

4 Ku bon day sosu rekk, dëng;
juddu, teggi yoon, dib fen-kat.
5 Day am daŋar ni ñàngóor,
fatti noppam ni jaan ju tëx:
6 du dégg baatu jatkat,
mbaa jati ñeengokat bu ñàng.

7 Yàlla, ngalla tojal seeni gëñ;
Aji Sax ji, foqal seen selli gaynde yii.
8 Yal nañu ne mes ni ndox muy wal,
yal nañu diir seen fitt, mu damm,
9 yal nañu mel ni ngumbaan-tooye buy
dox, di seey,
mbaa lumb wu jigéen tuur, gisul jant.
10 Balaa seen cin a yég tàngooru gajj,
muy gu tooy, muy guy boy,
yal na leen fekk sànku*.

11 Aji jub day gis ñu feyul ko, mu bég,
muy jàngoo deretu ku bon.
12 Ku ne naan: «Ku jub jot sab yool moos!
Te Yàllaa ngi fi moos, di àtte àddina!»

# 59

*Wallu maak ñu bon ñi*
1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bi ñuy woowe Bul yàq, diy ñaan, ñeel
Daawuda. Mooy ba Buur Sawul yónnee ay
nit ñu ko xoolal kër Daawuda, ngir rey ko*.

2 Éy sama Yàlla, xettali maak noon yi,
làq ma ñi ma jógal.
3 Xettali maak ñiiy def lu bon,
wallu maak bóomkat yi.
4 Aji Sax ji, ñu ngii di ma tëru, nar maa rey,
di ma songe seen doole,
te tooñuma, moyuma.
5 Defuma lu ñaaw, ñuy xélu, di ma waajal;
ngalla, jógal taxawusi ma, ba gis.
6 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Yàlla Boroom
gàngoor yi,
yewwul, dikkeel xeeti yéefar yépp, mbugal!
Workat yu bon yi, bu leen yërëm!

Selaw.
7 Bu ngoonee ñu wàccsi,
di xiiru niy xaj, di wër dëkk bi.
8 Déglul li ñuy yebbee ci seen gémmiñ,
seen làmmiñ niy saamar,
ñu defe ne kenn déggu leen.
9 Te yaw Aji Sax ji, yaa ngi leen di ree,
yaa ngi kekku yéefar yii yépp.

10 Yaay sama doole, ma di la séentu,
yaw Yàlla, yaay sama rawtu.

11 Sama Yàlla ju goree may gatandu.
Moo may may ndam ci noon yi, ma gis.
12 Yàlla, bu leen rey,
lu ko moy samaw xeet fàtte.
Tasaaree leen sa doole, daane leen.
Boroom bi, yaa nuy feg.
13 Bàkkaar lañuy wax,
seeni kàddu, bàkkaari neen.
Yal nañu bew ba daanu,
yooloo ko seeni saagaak seeni fen.
14 Meral, jeexal leen,
jeexal leen, ba ñu jeex tàkk,
ba ñépp xam ne Yàllaay Buur ci giirug
Yanqóoba,
ba ca cati àddina.
Selaw.
15 Bu ngoonee ñu wàccsi,
di xiiru niy xaj, di wër dëkk bi.
16 Ñuy wër di wut lu ñu lekk,
su ñu suurul, di ñurumtu.
17 Maa lay woye sa doole,
xëy, di sarxolle ngir sa ngor.
Yaay sama rawtu,
di sama làquwaay bésub njàqare.
18 Sama doole yaw a, naa la woy,
Yàlla, sama rawtu, Yàlla, boroom ngor.

# 60

*Yàllaa yor sunu mucc*
1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan
bu ñuy wax Seedeb tóor-tóor, diy ñaan, ñeel
Daawuda.
2 Mooy ba Daawuda di xareek waa Siri ña
ca Mesopotami ak waa Siri ña ca Coba te
ba ñu ca bàyyikoo, Yowab duma fukki
junniy Edomeen ak ñaar (12 000) ca xuru
Xorom wa*.

* **58.10** Li ñu wax fii ci làkku ebrë am na werante. * **59.1** Seetal ci *1.Samiyel* 19.11-17. * **60.2** Seetal ci *2.Samiyel* 8.3-14; *1.Jaar-jaar ya* 18.3-13.

3 Éy Yàlla, wacc nga nu, bëtt sunu kiiraay.
Mer nga, waaye ngalla xettali nu.
4 Yëngal nga suuf, xar ko;
ngalla jagalal, mu tëju, mu ngi jaayu!
5 Won nga sa mbooloo lu metti,
nàndal nu biiñu mbugal, ba nu miir.
6 Sampal nga ab raaya ñi lay ragal,
ngir ñu mucc ci fitt yi.
Selaw.

7 Walloo nu sa ndijoor, nangul nu,
ba say soppe xettaliku.

8 Yàllaa àddoo fa këram gu sell,
ne: «Maay damu, dogat suufas Sikem,
séddale xuru Sukkót.
9 Maa moom diiwaanu Galàdd, moom Manase,
Efrayim di sama mbaxanam xare,
Yuda di sama yetu nguur,
10 réewum Mowab di sama ndabal raxasukaay,
Edom, ma teg tànk;
Filisti, ma xaacoo fa.»

11 Éy Yàlla, ana ku may yóbbu dëkk ba tata wër?
Ku may jiite ba Edom?
12 Xanaa kay du yaw, Yàlla mi nu wacc,
yaw Yàlla mi baña ànd ak sunu mboolooy xare?

13 Ngalla dimbali nu ci bañaale;
doom aadama, wallam neen la.
14 Nook Yàlla, nu def njàmbaar;
moom mooy noot sunuy noon.

# 61

*Naa woote wall*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki xalam, ñeel Daawuda.

2 Ngalla Yàlla, déglul, maa ne wallóoy,
teewlul, ma dagaan la.
3 Àll laa lay woowe,
sama xol jeex;
yéege ma doju rawtu wu ma jotul.
4 Yaw laa làqoo,
ngay tata ju dëgër, fegal ma noon.
5 Naa dëkke sa xayma ba fàww;
làqoo sa kiiraay.
Selaw.

6 Yàlla, yaa dégg samay dige,
sédd ma céru ñi wormaal sa tur.

7 Ngalla féqal fani Buur,
ay atam bare, sët ba sëtaat.
8 Éy Yàlla, yal na Buur toog ba fàww fi sa kanam,
nga sédd ko sa ngor ak sa worma, mu fegoo;
9 kon ma woy la ba fàww,
di jëfe samay dige bésoo bés.

# 62

*Yaakaar, fa Yàlla*

1 Mu jëm ci Yedutun, njiital woykat yi, dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Yàlla doŋŋ ay dalal sama xel,
moo may wallu.
3 Moom doŋŋ mooy sama wéeru-mucc,
di ma rawale, ba duma sànku!

4 Xanaa dungeen bàyyee songandoo nit,
nar koo sànk,
ni kuy màbb tabax bu joy,
mbaa ngay bàddi per mu ràpp?
5 Seeni mébét, wàcce boroom daraja doŋŋ;
yeena ngi bége ay fen,
seeni kàddu diw yiw,
seen xalaat diy saaga.
Selaw.

6 Yal na Yàlla doŋŋ di dalal sama xel,
moom mi ma yaakaar.
7 Moom doŋŋ a di sama wéeru-mucc,
di sama rawtu, duma tërëf.
8 Yàllaa may musal, di ma sagal,
ma di ko doolewoo.
Sama kiiraay, Yàllaa!
9 Bokk yi, wóoluleen ko fu ngeen tollu,
diisleen ko seen xol,
Yàllaay sunu kiiraay.
Selaw.

10 Doom aadama, ngelawal neen;
nit, naxi neen.
Booleel teg ci lu ñuy natte diisaay,
kaw la jëm.
Ñooy gëna woyof ngelaw!
11 Bul wóolu ribaa,
bul yaakaar alalu càcc, neen la.
Bu sa alal yokku, nga taf ci sa xol.

12 Benn yoon la Yàlla wax,
ñaari yoon laa dégg, ñu ne;
«Doole, fa Yàlla.»
13 Boroom bi, ngor, yaay boroom,
yaw daal, yaay yool nit jëfam.

# 63

*Maa namm Aji Sax ji*

1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda. Mooy ba mu nekkee ca màndiŋu Yuda*.

2 Yaw Yàlla, yaay sama Yàlla,
ma xëy di la wër,
sama bakkan mar la,
sama jëmm namm la,
fu suuf mare ndox, ne sereŋ.
3 Moo tax kër gu sell ga laa la séentoo,
ngir niir sa doole ak sa leer.
4 Xéewloo sa ngor moo dàq dundu bakkan;
ma àddu boog, kañ la!
5 Dama lay sant, sama giiru dund kay,
tàllal la ay loxo, sàbbaale la.
6 Sama xol di sedd, ni ku ñam wu duun suural,
ma bég, sarxolle, màggal la.

7 Su ma tëddee, fàttaliku la,
waxtuw guddi dama lay xalaat.
8 Yaay sama ndimbal,
may làqoo sa kiiraay,
di sarxolle.
9 Sama xol taq la,
nga téyee ma sa ndijoor.

10 Waaye ñiy wuta faat sama bakkan
ñoo jëm xóotey njaniiw.
11 Ñu jébbal leen ñawkay saamar,
till séddoo.

12 Buur moom, di bége Yàlla;
képp ku koy giñe di ko kañoo,
fen-kat ne xerem.

# 64

*Yàllaa man ag fitt*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, déglul sama kàddug tawat;
ngalla aaral sama bakkan ci noon bu raglu.
3 Làq ma pexey ku bon,
ma rëcc gàngooru defkati ñaawtéef.

4 Ñu ngi daas seen làmmiñ niy saamar,
di fitte seeni kàdduy wextan,
5 di jam ku ñu tëru te deful dara;
jekki jam ko, te tiituñu ci dara.
6 Dañoo dogu ca lu bon la ñu nar,
di diisoo na ñuy làqe ay fiir,
te naan: «Kenn du ko gis!»
7 Dañuy lal pexem njubadi te naan:
«Lal nanu pexe mu mat sëkk.»
Nit aka xóot xel te xóoti mbóot!

8 Waaye Yàllaa leen di jamu fittam,
ñu jekki daanu.
9 Seen làmmiñ a leen di fakkastal,
ba ku leen xool wëcc bopp.

10 Ñépp a ciy am tiitaange,
bay siiwal la Yàlla def,
tey xalaataat jëfam jooju.
11 Ku jub bége Aji Sax ji, làqoo ko.
Képp ku namm njub, damu.

# 65

*Yàllaay nangul suuf*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, di woyu cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, yaa jagoo cant fa Siyoŋ,
yaw lees di jëfeel ab dige.
3 Yaw miy nangug ñaan,
yaw la képp di wuyusi.
4 Samay ñaawtéef man na ma,
waaye sunuy tooñ, yaa nu koy baal.
5 Ndokkalee koo tànn, woo ko,
mu dale say ëtt,
di xéewloo sa ngëneeli kër,
ak sa sellaayu dëkkuwaay.

6 Defal nga nuy kéemaan,
nangug ñaan ci njekk,
yaw Yàlla mi nuy wallu,
di yaakaaru àddina wërngal këpp,
ba ca géej gu sore ga.
7 Yaa dëje tund yu mag yi doole,
gañoo sa kàttan,

* **63.1** Seetal ci *1.Samiyel* 23.14; 24.2; *2.Samiyel* 15.23.

8 di dalal riirum géej aki gannaxam,
ak coowal xeet yi,
9 ba waa cati àddina yéemoo say firnde,
waa penkook sowu di sarxolle.

10 Yaa dikke suuf am wal,
nangul koo nangul.
Dexu Yàllaa fees ndox,
ngay may nit peppam,
ni nga ko waajale suuf si,
11 di suuxat ngàbb mi,
maasalee ko jal yi,
sottiy waame, mu mokk,
cax ma, nga barkeel.
12 Yaay tëje mbeyum at mi say ngëneel,
foo jaare, xéewal walangaan.
13 Parluy màndiŋ yaa ngi walangaan,
li wër tund yu ndaw yi di xumbéen.
14 Joor gaa ngi, jur gi muur,
xur yi sàngoo pepp,
lépp di xaacooka woy.

## 66

*Yàllaay aar nitam*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, di woyu cant.

Yeen waa àddina sépp, sarxolleelleen Yàlla,
2 woyleen màggaayu turam,
darajaalleen cantam.
3 Neleen Yàlla: «Yaaka yéemey jaloore!
Sa doolee bare, ba say noon rasu,
4 àddina sépp di la sujjóotal,
di la woy, di joobe sa tur.»

Selaw.

5 Dikkleen gis li Yàlla def,
jëf la ju yéeme, ñeel doom aadama yi.
6 Moo soppi géej ag joor,
maam ya dox jàll.
Nanu ko bége foofa.
7 Mooy nguuroo njàmbaaram ba fàww,
di topp xeet yeek bët.
Ku koy diiŋat, yàlla boo damu!

Selaw.

8 Yeen xeet yi, santleen sunu Yàlla,
te biral cantam!
9 Moo sàmm sunu bakkan,
te waccu nu, nu tërëf.

10 Éy Yàlla, nattu nga nu,
xelli nu, ni ñuy xellee xaalis;
11 laaw nga nu,
teg nu njàqare.
12 May nga noon noot nu,
nu jaare sawara, jaarem ndox;
nga génne nu, yaatal nu.

13 Maay duggaale sa kër ay saraxi
rendi-dóomal,
defal la samay dige
14 yi ma waxoon ci sama gémmiñ,
sama làmmiñ tudd ko, ba ma jàqee.
15 Jurug yafal, ma defal la saraxu
rendi-dóomal,
saxaar sa jollee ca kuuyu sarax ya,
ma boole ca saraxu nag ak sikket.

Selaw.

16 Képp ku ragal Yàlla dikkal, déglu,
ma limal la li mu ma defal.
17 Moom laa woo wall,
àddu, màggal ko.
18 Su ma naroon ñaawtéef,
Boroom bi du ma déglu.
19 Waaye Yàlla dégg na ma,
teewlu na samag ñaan.
20 Cant ñeel na Yàlla,
gàntuwul samay ñaan,
xañu ma ngoram.

## 67

*Yal na nu Yàlla barkeel*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki
xalam, di woyu cant.

2 Éy Yàlla, yéwéne nu, barkeel nu,
te geesoo nu sa leeru kanam,

Selaw.

3 ba ñu ràññee sa loxo fi kaw suuf,
gis sag wall fi biir xeet yépp.

4 Yaw Yàlla, na la xeet yi sant,
na la xeet yépp sant.
5 Na xeet yiy bég, di sarxolle;
loo dogalal xeet yi njub la,
te yaay wommat xeet yi ci kaw suuf.

Selaw.

6 Yaw Yàlla, na la xeet yi sant,
na la xeet yépp sant.

7 Suuf si nangu na,
yal na nu Yàlla sunu Yàllay barkeel.

8 Yal na nu Yàllay barkeel,
ba àddina wërngal këpp ragal ko.

# 68

*Yàlla daagu, daan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda, di woyu cant.

2 Yàllaay jóg, noonam ya fëlxoo;
bañam ña daw, dëddu ko.
3 Yàlla wal, ñu naaw ni saxaar.
Ñu bon ñi sànku fi kanam Yàlla,
mbete dax ak sawara.
4 Ñu jub ñi nag bég, di bànneexu fi kanam Yàlla,
tey puukarewoo mbégte.
5 Woyleen Yàlla, teral turam,
xàllalleen kiy war niir yi,
Ki Sax moo di turam.
Bànneexuleen fi kanamam.
6 Mooy baayoo jirim, di àtte jëtun,
kookoo di Yàlla ja fa màkkaanam mu sell.
7 Yàllaay sàkkal ku wéet wéttal,
di afal ku ñu tëjoon, bégal ko,
ku déggadi rekk ay dëkke suuf su ne sereŋ.

8 Céy Yàlla, yaa génn, jiitu sa mbooloo,
daagu, dugg màndiŋ ma.
Selaw.

9 Suuf yëngu,
asamaan sóob
fi kanam Yàlla, boroom tundu Sinayi,
Yàllay Israayil ja!
10 Yàlla, waame nga tawal,
leqalee ko réew mi nga séddoo, fa mu sonne,
11 sa mbooloo dëkke fa.
Yàlla yaa leel néew-ji-doole ci sag mbaax.

12 Boroom beey joxe ndigal,
gàngooru jigéen indi xibaar:
13 «Buur yaak seeni gàngoor a ngay daw a daw,
jongomay kër gi di séddale lël ja.
14 Yeen ñiy waaf ci gétt gi, bésub xare,
gànjar a ngi, di laafi pitax yu ñu xoob xaalis,
dunq ya teg wurus wuy ray-rayi.»
15 Ba fa Aji Man ji tasaaree buur ya,
tawub yuur a ngay sóobe tundu Calmon.

16 Yaw tundu yàlla yi, yaw tundu Basan,
tundu Basan, tund wi ci coll yi,
17 looy xeelook say coll, di fiire
tund wi Yàlla namma dëkke?
Aji Sax ji kat, fa lay dëkk ba fàww!

18 Watiiri xarey Yàlla di ñaar fukki junni (20 000),
ba ci junniy junni.
Boroom bi ne ca seen biir,
di boroom tundu Sinayi fa biir cellte gi.

19 Yaa yéeg fa kaw-a-kaw,
jàpp ay jaam, yóbbaale.
Yaa nangooy galag ci nit ñi,
ba ci ñiy fippu
ndax li Yàlla Ki Sax dëkke Siyoŋ.

20 Cant ñeel na Yàlla bésoo bés.
Moo nuy jaboote. Yàllaa nuy musal.
Selaw.
21 Sunu Yàllaa di Yàlla jiy walloo,
Aji Sax ji Boroom beey musal bakkan.
22 Yàlla daal ay rajaxe boppi noonam
ak kaaŋ mu sëq mu boroom wéye tooñ.

23 Boroom bi nee: «Basan laay waññee noon yi,
waññee leen xóotey géej,
24 ngeen mana xuus ci seen deret,
seeni xaj séddu ci seeni néew.»

25 Céy Yàlla, gis nañu sa gàngoor di daagu,
sama Yàlla, sama buur, sa gàngoor ba ca biir kër gu sell ga.
26 Woykat ya jiitu,
janq ja topp ca ak tëggum njiin,
xalamkat ya mujje.
27 Dajeleen, di sant Yàlla,
yeen askanu Israayil, santleen Aji Sax ji.
28 Giirug Beñamin a ngi jiitu, gën cee néew,
njiiti Yuda topp caak seeni kuréel,
njiiti Sabulon topp caak njiiti Neftali.
29 Yeen, seen Yàlla dogalal na leen kàttan;
éy Yàlla, jëfeel doole ja nga nu jëfeeloon.
30 Sa kër gi tiim Yerusalem,
fa la la buur yiy indiley galag.
31 Nanga fa gëdde rabu àll wi* ci barax yi,
ñooy gétti yëkk yi, xeet yi ci des diy sëllu.

* **68.31 *rabu àll wi:*** jàpp nañu ne jombul Misra lay doon.

Gëdd leen, ba ñu sujjóotalsi laak dogi xaalis.
Tasaareel xeet yooyu sopp xare,
32 ay kàngam bàyyikoo Misra aki galag,
réewum Kuus baral loxoom, indil Yàlla.

33 Yeen waa réewi àddina, woyleen Yàlla,
teralleen Boroom bi,
Selaw.
34 gawar bi ci asamaan,
asamaani démb.
Ma ngooguy àddu kàddug doole.
35 Seedeleen ne doole, fa Yàlla,
mi tiime Israayil darajaam,
dooleem feeñoo xàmbaar ya.

36 Céy Yàllaaka mata ragal fa këram gu sell!
Mooy Yàllay Israayil,
di may mbooloo mi dooleek kàttan.
Cant ñeel na Yàlla!

# 69

*Ku ñu fitnaal a ngi ñaan*
1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan bu ñuy wax Tóor-tóor, ñeel Daawuda.

2 Éy Yàlla, wallu ma!
Ndox maa ngi ma tollu ci put.
3 May suux ci ban bu xóot,
te awma fu ma teg tànk.
Maa ngi nii ci ndox mu xóot,
gannax yi mëdd ma.
4 Ma woote wall ba tàyyi,
sama put gi wow koŋŋ.
Ma séentu la, yaw sama Yàlla,
ba samay gët giim.
5 Sama kawari bopp sax,
ñi ma bañ ci daraa ko ëpp.
Ñu bare doole, bëgg maa sànk,
noonoo ma ci dara.
Sàccuma, nara fey!

6 Yaw Yàlla, xam nga sama jëfi dof,
te samay tooñ umpu la.
7 Yàlla buma rusloo ñi la yaakaar,
yaw Boroom bi, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
yàlla buma gàcceel ñi la topp,
yaw Yàllay Israayil.
8 Yaa tax ma dékku, ñu di ma sewal,
ma rus ba sëlmoo gàcce.
9 Jàmbur laa léegi ci saay bokk,
mel ni doxandéem sama biir doomi ndey.
10 Damaa xér ci sa kër gi, ba jeex tàkk,
te jëf ji ñu la sewale man la dal.
11 May jooy, di woor,
ñu di ma sewal.
12 Ma sol ay saaku, di ko ñaawloo,
ñu di ma léebu.
13 Waa pénc ma di ma tooge,
màndikat yi di ma woyal.

14 Waaye man, Aji Sax ji, yaw laay dagaan.
Éy Yàlla, na tey di bésub yiw.
Ngalla nangul ma ci sa ngor lu yaa
ak sa wall gu wóor.
15 Xettali ma ci ban bi, ma baña suux,
xettaliku ci samay noon.
Rikk génne ma yii xóotey ndox,
16 ba gannax du ma mëdd,
xóotey géej du ma warax,
pax du ma kepp.

17 Éy Aji Sax ji, yaa rafet ngor, nangul ma!
Geesoo ma sa yërmande ju yaa!
18 Bu ma làqu, Sang bi.
Jàq naa, gaawe ma.
19 Jege ma, jot ma,
musal ma ci noon yi!

20 Yaa gis ñu di ma sewal, di ma ruslooka toroxal,
yaa ngi ne jàkk ci noonoo noon.
21 Dees maa sewal, sama xol jeex, ma wopp;
may sàkku yërmande, awma ko;
ku ma dëfal it, gisuma ko.
22 Tooke lañu ma leel,
ma mar, ñu nàndal ma bineegar.

23 Yal na seen ndab di seenum yeer,
seeni am-di-jàmm di seenug fiir.
24 Yal na seeni gët giim, ba dootul gis;
yal na seen ndigg rëcc fàww.
25 Yal nanga leen yuri mbugal,
sa mer tàkk, dab leen.
26 Yal na seeni dal gent,
seeni xayma wéet.
27 Yaw, nga duma ba noppi, ñu toppaat ca,
nga gaañ, ñu siiwal mitit wa.
28 Dencal leen tooñ ci kaw tooñ,
te yàlla buñu tàbbi ci sa àtteb dëgg.

29 Yal nañu leen far ca téereb dund ba,
bañ leena limaale ca aji jub ña.

30 Man de, damaa jàq, tiis.
Éy Yàlla, yal naa làqoo sag wall.
31 Damay wormaal turu Yàlla, woyal ko,
màggal ko, sant ko.
32 Mu gënal Aji Sax ji saraxu yëkk,
aki béjjénam aki wewam.
33 Néew-ji-doole di gis, bége,
kuy topp Yàlla yokku fit.
34 Aji Sax ji day dégg néew-ji-doole moos,
te du sàggane ñoñam ñi ñu njoñ.

35 Na asamaan ak suuf màggal Yàlla,
mook géej ak lu cay yëngoo.
36 Yàlla kat mooy musal Siyoŋ,
tabaxaat dëkki Yuda yu mag yi,
ay nitam moom, dëkke.
37 Askanu jaamam ñee koy jagoo,
ay soppeem a koy dëkke.

## 70

*Yàlla, gaawe ma*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda, di woy wuy fàttalee.

2 Yàlla, wallu ma!
Éy Aji Sax ji, gaawe ma!

3 Kuy wut sama bakkan,
yal na rus, torox ne tott.
Kuy bége sama loraange,
yal nañu ko duma, waññi ko, mu ne yàcc.
4 Kuy ñaawalaate,
yal nañu ko toroxal, mu daw, dellu
gannaaw.

5 Képp ku la wër,
yal na bég, di la bànneexoo.
Képp ku safoo sag wall,
yal na jàppoo: «Yàlla màgg na!»

6 Man de, néew naa doole, ñàkk naa.
Éy Yàlla, gaawe ma.
Yaw yaa may wallu, xettali ma.
Éy Aji Sax ji, bu ma yeexe.

## 71

*Mag a ngi séentu Yàlla àtte ko dëgg*

1 Aji Sax ji, yaw laa làqoo,
yàlla buma rus mukk.
2 Xettalee ma sa àtteb dëgg, yiwi ma;
ngalla teewlu ma, te wallu ma.
3 Yal nangay sama cëslaay, sama rawtu
bu may rawesi saa su ne,
te nga dogal sama mucc.
Yaay sama cëslaay, sama rawtu.
4 Éy sama Yàlla, musal ma ci dooley ku bon
ak ab saay-saay ak ab néeg.

5 Boroom bi Aji Sax ji, yaw de laa yaakaar,
dale laa wóolu ba may ndaw.
6 Yaw laa wéeroo ba may juddu;
yaw yaa ma roccee sama biiru ndey.
Yaa yelloo sama cant fàww.
7 Firndey alkànde la ma ñu bare xoole
woon,
te yaw ngay sama rawtu bu wóor.
8 Samay kàddu sag cant la fees
ak di la saxoo darajaal.

9 Ngalla bu ma wacc, mag laa;
bu ma ba fi doole jeexe.
10 Noon yaa nga may tooge,
ñi may tëroo ngay diisoo,
11 naan: «Yàlla wacc na ko,
nan ko dàq, jàpp;
kenn du ko wallu.»
12 Éy Yàlla, bu ma sore.
Sama Yàlla, gaawe ma.
13 Ñi may tuumaal,
yal nañu leen rusloo, sànk leen.
Ñi may wuta lor,
yal nañu leen gàcceel, sewal leen.
14 Man may saxoo yaakaar,
di la sant, di santati.
15 May siiwal sa àtteb dëgg,
di yendoo waxtaane say wall,
doonte lim ba wees na ma.
16 Boroom bi Aji Sax ji, ma dikke la sag
njàmbaar,
di tudd sa àtte dëgg gu wéet.
17 Éy Yàlla, ba may ndaw, nga ma xamal
say kéemaan,
te ba tey jii maa ngi koy biral.
18 Éy Yàlla, bu ma bijjaawee ba weex tàll it,
bu ma wacc,
ba keroog may xamal maasu tey sa doole,
xamal ñi ciy topp ñépp sag njàmbaar.

19 Céy Yàlla, sa àtteb dëgg àkki na fa
kaw-a-kaw.
Def nga lu réy.
Yaw Yàlla, ana ku mel ni yaw?
20 Won nga ma ay yoon coonooki tiis,
waaye yaa may dundalaat,
ma mucc xóotey suuf.
21 Yal nanga ma gëna sagal,
geesu, dëfal ma.

22 Man it sama Yàlla, ma xalam, sant la
ngir sa kóllëre.
Aji Sell ji séddoo Israayil,
dama lay woy aki xalam,
23 sarxolle, woy la,
bége sag wall.
24 May yendoo siiwal sa àtteb dëgg
nde ña ma doon wuta lor
lañu rusloo, sewal leen.

# 72

*Nu ñaanal Buur*
1 Ñeel Suleymaan.

Céy Yàlla, mayal Buur sa xelum àtte,
mayal doomu Buur bii sa xelum njub,
2 muy àttee sa mbooloo njub,
di àttee sa néew-ji-doole ñi yoon,
3 tooli tund yu mag yi indil mbooloo mi
jàmm,
tooli tund yu ndaw yi xéewale leen àtteb
dëgg,
4 Buur di àtte néew-ji-dooley xeet wi,
di wallu doomi néew-ji-doole
tey dëggaate kiy nennoo.
5 Yal nañu la wormaal feek jant biy am,
feek weer wiy feq, sët ba sëtaat.

6 Yal na Buur di xéewalu réewam nib taw cig
ruujeef,
mbaa waame wuy suuxat suuf.
7 Janti Buur aji jub day woomle,
te ba keroog weer wiy fey, jàmm di law,
8 mu yilif géej ba géej
ak dexu Efraat ba ca cati àddina.
9 Waa màndiŋ mi di ko sukkal,
ay noonam mëq suuf,
10 buuri Tarsis ak dun ya
di ko indil ay galag;
buuri Seba ak Saba
di ko yótsi yóbbal,
11 buuroo buur di ko sujjóotal,
xeetoo xeet di ko surgawu.
12 Mooy xettaliji aji tumurànke bu woote
wall
ak aji néewle ju sësul fenn.
13 Mooy yërëm ku néewleek ku tumurànke,
di sàmm bakkanu aji tumurànke,
14 boole leen jot ci nootaangeek loraange,
ngir fonk seen bakkan.

15 Yal na Buur gudd fan,
yal nañu ko may wurusu Seba.
Nañu koy ñaanal saa su ne,
di ko saxoo, mu barkeel.

16 Yal na pepp ne gàññ ci réew mi,
yal na gub yay jaayu ca tund ya ni gottub
Libaŋ;
dëkk yu mag yi sëqi nit ba law,
17 yal na turam sax,
ba law fu jant tiim,
yal na xeet yépp barkeele ci moom,
te di ko ndokkale.

18 Cant ñeel na Yàlla Aji Sax ji,
Yàllay Israayil, mi wéetooy jalooreem.
19 Cant ñeel na màggaayam, ba fàww,
yal na màggaayam dajal suuf sépp!
Amiin, Amiin!

20 Ñaani Daawuda doomu Yese jeexe fii.

# 73

*Am Yàllaa gën*
1 Dib taalifu cant, ñeel Asaf.

Yàlla kay baax na ci Israayil,
baax ci ku rafet xol.
2 Waaye man de tuuti kon ma lajj,
tuuti ma tarxiis,
3 ngir maa ñee ku bew,
ndax gis mu baaxle te di ku bon.

4 Amuñu mitit,
xanaa ne faaj.
5 Doñ-doñu nit dabu leen,
coonoy doom aadama dalu leen.
6 Moo leen taxa ràngoo reewande,
làmboo coxor.
7 Dañoo suur ba gët suulu,
seen xalaati xel xëtt yoon.
8 Dañuy ñaawle, di wax lu bon,

di réy-réylu, boole ci kàdduy jaay-doole.
9 Seen ŋalŋal àkki asamaan,
làmmiñ dajal suuf.
10 Moo tax ñoñi Yàlla walbatiku ci ñoom,
di jolu seen wax nim ndox
11 te naan: «Lu ci Yàlla xam?
Ana xam-xam fa Aji Kawe ji?»
12 Ñu bon ñaa ngoog!
Ne finaax, di gëna woomle.

13 Man kay maa sellal ci neen,
di sàmm sama der.
14 Bés bu ne yar dal ma,
saa yu ma xëyee, jot mbugal.
15 Su ma noon: «Naa waxe ni ñoom,»
kon de, ma wor sa askanu mbooloo.
16 Naka laay jéema ràññee lii,
mbir mi ëlëm ma.
17 Ba ma àggee sa kër gu sell ga,
laa doora gis muju ku bon.

18 Yoonu tarxiis kay, nga leen teg,
daane leen, ñu sànku,
19 Yàquleeka leena bett!
Musibaa leen ne fuuf, ñu ne mes!
20 Day mel ni gént goo yewwoo.
Céy Boroom bi, boo xippee, jëmmu gént ga
soof la.

21 Naqar laa amoon,
sama xol di dagg.
22 Booba ngaaka laa, xawma dara;
rab laa woon fi sa kanam.
23 Teewul ma des ak yaw,
nga jàpp sama loxol ndijoor.
24 Danga maa gindee sam xel,
teg ca dalale ma sa teraanga.
25 Ana ku ma am asamaan ku la moy?
Ku ma safoo kaw suuf ku la moy?
26 Kàttan ak pexe jeex,
Yàlla di ma dooleel,
ma séddoo ko fàww.
27 Ku la sore kat, sànku;
képp ku la wor, nga bóom.

28 Man de, jege Yàllaa ma gënal.
Boroom bi Aji Sax ji, yaw laa def kiiraay,
ngir siiwal sa jépp jëf.

# 74

*Yàlla, bu la noon ree*
1 Dib taalifu yeete, ñeel Asaf.
Éy Yàlla, lu tax nga wacc nu fàww,
di dal ak xol bu tàng
ci sa xari parlu yii?
2 Bàyyil xel askan wi nga jënd bu yàgg,
yaa jot gii giir, séddoo leen.
Bàyyil xel tundu Siyoŋ, fa nga dëkke woon.
3 Dikkal, xool gent bu yaa bii dul jeex,
noon yàq lépp ci biir kër gu sell gi.

4 Say bañ xaacu nañu fa sa digg bérebu
ndaje ma,
samp seen raaya.
5-6 Sémmiñ dal, wàkku awu.
Mbete ñu xàcc sémmiñ, di gori geer,
ba lu fa doon liggéeyu yatt, tas.
7 Dañoo taal sa kër gu sell,
sa dëkkuwaayu tur lañu daaneel, ba sobeel
ko.
8 Ñu namm noo noot ba nu nooy,
fuy bérebu ndajem Yàlla ci réew mi, ñu lakk.
9 Sunuy takk réer na nu,
yonent amatul,
te kenn xamul fu lii di àkki.

10 Éy Yàlla, fu reetaani noon di dakke?
Xanaa bañ yi duñu la ñàkke kersa ba fàww?
11 Looy téye sa loxol ndijoor?
Na sa loxo jóge sa dënn, nga buube leen.

12 Yàlla, yaa masa doon sama buur,
di ma walloo ci digg réew mi.
13 Yaa xàjjale géej gi ci sa doole,
toj boppi ninki-nanka ja ca ndox ma,
14 yaa rajaxe kaaŋi rab woowu,
leele ko rabi màndiŋ ma.
15 Yaa fettaxal fii bëti ndox akum wal,
ŋiisal dex yu masa wal.
16 Yaa moom bëccëg, moom guddi,
teg fi weer week jant bi.
17 Yaa rëdd mboolem digi suuf,
sàkk noor ak nawet.

18 Kon xoolal, Aji Sax ji, noon a ngi ree,
xeet wu amul bopp a lay sewal.
19 Bul wacce rabu àll sam xati,
bul sàggane sa néew-doole yi mukk.
20 Ngalla xoolal ci kóllëre gi,
fu làqu ci réew mi, fitna dale fa ba dajal.
21 Yàlla bu néew-doole ñibbiwaale gàcce,
yal na ku ñàkk ak ku néewle di la
santandoo.

22 Éy Yàlla, jógal ñoŋal sa dëgg,
bàyyil xel dof bi la dëkkee sewal.
23 Bul tanqamlu sa coowal noon yi,
ñii la jógal, seenum riir a ngi jolli saa su ne.

## 75

*Yàllaay àtte*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan bi ñu dippee Bul yàq, di woyu cant, ñeel Asaf.

2 Yàlla, nu sant la, santati la;
sa tur a ngii jege nu,
nuy siiwal say jaloore.

3 Yàlla nee: «Maay takk ab àpp,
àtte ca njub.
4 Bu suuf di yëngu mook ñi ko dëkke ñépp,
maay kiy téye ay kenoom.
Selaw.
5 Dama ne ku réy: “Bul réy-réylu,”
ne ku bon: “Bul bew,
6 bul bew a bew,
bay waxe reewande.”»

7 Du penku, du sowu,
te du màndiŋ ma la daraja di jóge.
8 Yàllaay àtte:
kii mu detteel, kee mu kaweel.

9 Merum Aji Sax ji dib kaas ci loxoom,
biiñu njafaan bu wex di ca fuur,
mu jol ko képp ku bon ci àddina,
mu naan ba naanaale ginjriit ga.
10 Man may biral jëfam ba fàww.
Damay woy Yàllay Yanqóoba.
11 Mu ne: «Jépp dooley ku bon, ma neenal;
dooley ku jub yokku.»

## 76

*Yàllaa moom xare*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd aki xalam, di woyu cant, ñeel Asaf.

2 Yàlla siiw na fa Yuda,
aw turam màgg fa Israayil.
3 Xaymaam a nga Salem,
di xuntam ma fa Siyoŋ.
4 Fa la rajaxee fitt yuy boy
ak pakk ak saamar ak ngànnaayal xare.
Selaw.
5 Yàlla yaa ne ràññ te darajawu,
ba raw tundi rëbbkat yi.
6 Futtees nay boroom fit,
ñu ne nërëm, nelaw;
kuy ñeyi xare, say loxo nasax.
7 Yaw Yàllay Yanqóoba, yaa gëdd,
gawar ak fasam nelaw.
8 Yaw mii, yaa mata ragal;
boo meree, ana kuy taxaw fi sa kanam?
9 Fa asamaan nga biraleb àtte;
suuf tiit, ne cell.
10 Ca la Yàllay jóg, ngir àtte,
ba wallu kuy néew dooley àddina.
Selaw.
11 Doom aadamaak xadaram rafetal sa woy;
desu xadaram, nga gañoo.

12 Seen Yàlla Aji Sax ji, digooleen ak moom te jëfe ko.
Kee jara ragal.
Na ñi ko wër ñépp indi teraanga.
13 Mooy sàggi sagu kilifa yi,
di tiitaangey buuri àddina.

## 77

*Yàllaa ngi seetaan*

1 Mu jëm ci Yedutun, njiital woykat yi, dib taalifu cant, ñeel Asaf.

2 Naa xaacu, woo Yàlla,
sama baat fa Yàlla, ngir mu déglu ma.
3 Bëccëg, ma jàq, sàkku ndimbalal Boroom bi;
guddi, ma tàllal loxo, toqiwuma.
Sama xol tëë sedd.
4 Ma bàyyi Yàlla xel, binni,
xalaat, xol jeex.
Selaw.
5 Éy Yàlla, tere nga maa gëmm bët,
ma jaaxle ba waxatuma,
6 xanaa xalaat janti démb,
at ya woon.
7 Guddi may fàttaliku sama woy,
di waxtaan ak sama ngegenaay,
sama xel di jéex te naa:
8 «Boroom bi da may gàntal ba fàww,
ba du ma baaxeeti mukk a?
9 Xanaa daa jeexal ngor tàkk?
Am kàddoom a deñ ba fàww?
10 Moo, mbaa du Yàlla daa fàtte ñeewante?
Am meram a tëj buntu yërmandeem?»

Selaw.
11 Ma ne, sama naqar daal
mooy Aji Kawe ji daa soppi loxoom.

12 Waaye naa fàttaliku jaloorey Ki Sax rekk,
fàttaliku kéemaanam ya woon.
13 Naa xalaat sa bépp liggéey,
di jàngat say jëf.
14 Céy Yàlla, yaa sell jikko!
Jan yàllaa màgg ni Yàlla?
15 Yaa di Yàlla juy jëfi kéemaan,
yaa siiwal sa doole ci biir xeet yi.
16 Kàttan nga jote sa mbooloo ma,
sëti Yanqóobaak Yuusufa.
Selaw.

17 Yàlla, ndox maa la gis,
ndox maa la gis, di lox;
xóote yaa say,
18 niir ya yuri,
kàddu riire asamaan,
say fitt, fettaxandoo,
19 nga dënoo biir callweer,
melax yi taal àddina,
suuf di lox, di reg-regi.
20 Biir géej di saw yoon;
saw xàll ci digg ndox mu ne xéew,
te kenn gisul foo teg tànk!
21 Wommat nga sa mbooloo ni ag jur,
Musaak Aaróona jiite.

# 78

*Nit goreedi, Yàlla gore*

1 Dib taalifu yeete bu ñeel Asaf.

Yeen sama xeet, dégluleen, ma digal leen;
teewluleen ma, ma wax leen.
2 Maa ngi leen di léeb,
di sulli kumpay démb,
3 muy lu nu dégg, xam ko,
sunuy maam xamal nu ko.
4 Dunu ko nëbb seeni doom,
xanaa di ko jottali maas giy ñëw,
xamal leen jaloorey Aji Sax ji
ak kàttanam aki kéemaanam.
5 Bindal na sëti Yanqóoba téereb seede,
muy yoon wi mu tegal Israayil.
Mu sant maam yi, ñu xamal ko seeni
doom,
6 ngir ñiy juddu ëllëg xam ko,
am ay doom,
ñu màgg, ba xamal ko seeni doom,
7 ngir ñu wóolu Yàlla,
baña fàtte jëfi Yàlla,
di jëfey santaaneem,
8 te baña roy seeni maam;
maas gu të woon te déggadi,
ñu ñàkk pastéef
te sàmmuñu kóllërey Yàlla.

9 Waa giirug Efrayim ñoo soxi fitt,
te keroog xare ba ñoo daw.
10 Ñoo sàmmul kóllërey Yàlla,
gàntal yoonam,
11 ba fàtte ay jalooreem,
di kéemaan yi mu leen won.
12 Fa seen kanami maam la def kéemaan,
fa diiwaanu Cowan, réewum Misra.
13 Moo xar géej ga, jal ndox ma nim tata,
jàlle leen.
14 Bëccëg mu jiitee leen aw niir,
ak leeru sawara guddi gépp.
15 Moo xar ay doj ca màndiŋ ma,
mbàmbulaan wal, mu nàndal leen;
16 mu sotti ndox mu balle ciw xeer,
walal, mu safi dex.

17 Teewul ñu wéy di moy Aji Kawe ji,
di ko gàntal ca màndiŋ ma.
18 Ñoo diiŋate Yàlla xol,
di xemmem ñam wu bakkane.
19 Ñuy waxal Yàlla naan:
«Xam ngeen ne Yàlla manu noo taajal ndab
ci màndiŋ mi!
20 Dóor naw doj, moos, ndox ma fettax,
wal ma baawaan,
waaye aw ñam nag?
Daa mana leel mbooloo mii aw yàpp?»
21 Aji Sax ji dégg ci, mer lool;
xolam tàng ci sëti Yanqóoba,
am sànj tàkkal Israayil.
22 Dañoo gëmul Yàlla,
doyloowuñu wallam.
23 Mu digal niir ya fa kaw,
ubbi bunti asamaan,
24 tawal leen mànn, ñu lekk:
peppum asamaan la leen leel;
25 mburum jàmbaar la nit lekk,
mu wàcceel leen ca lu ne gàññ.
26 Yàlla wale ngelawal penku fa asamaan,
bëmëx ak dooleem ngelawal bëj-saalum.
27 Mu tawal leenu yàpp, mu saawe ni pënd,

di njanaaw yu ne gàññ ni feppi suufas
géej,
28 wàcce ko fa seen digg dal ba,
mu dajal seeni dëkkuwaay.
29 Mu faj seen aajo,
ñu lekk ba suur këll.
30 Teewul bala seen xel a dal,
seen lanc jàllagul sax,
31 Yàlla mer na, dal ci seen kaw,
bóom ña ëpp doole ca ñoom,
fàdd waxambaaney Israayil.

32 Loolu lépp teewul ñuy bàkkaar ba tey
te gëmuñu ay kéemaanam.
33 Mu dagg seeni fan, mu wéy ni cóolóol,
faat seen bakkan ci safaan bu gaaw.
34 Ba leen Yàlla faatee, ña ca des wuti ko,
tuub, waññiku ci moom.
35 Ñu fàttaliku ne Yàllaay seen cëslaay,
xam ne Yàlla Aji Kawe jeey seen njotlaay.
36 Teewul ñu di ko jéema naxey wax,
di ko fen.
37 Joxuñu ko woon xol,
sàmmuñu kóllëreem.
38 Teewul mu yërëm,
baal leen seen ñaawtéef,
ba sànku leen.
Muñ na meram, muñati,
te toppul xolam,
39 ndax xalaataat ne suuxu neen lañu,
di noo guy dem te du délsi.

40 Gàntal nañu ko ba tàyyi ca màndiŋ ma,
teg ko naqar ca ndànd-foyfoy ga.
41 Ñu dellu di diiŋat Yàlla,
di naqaral Aji Sell ji séddoo Israayil.
42 Fàtte nañu ndimbalam la,
bés ba mu leen jotee ca noon ba,
43 ba def ay firndeem ca Misra,
muy kiraamaam ya ca Cowan.

44 Moo soppali deret seen yooni ndox,
ba naaneetuñu wal ya.
45 Mu wàcce ci seen biir ndiiraanu weñ
yu leen di lekk,
ak mbott yu leen sànk.
46 Mu jox soccet yi seen gàncax,
jébbal njéeréer yi seen meññeef.
47 Seen garabi reseñ, mu daaneel ci tawab
yuur,
seen garabi sikomoor, mu daaneel ci
mbënn mi.
48 Seen jur gu gudd, mu bàyyeek tawab
yuur,
seeni gàtt, mu bàyyeek sawaray melax.
49 Yàlla sotti leen tàngooru xadaram,
mu dim sànj ak naqar ak njàqare,
lépp di gàngooru ndaw yu indiy musiba.
50 Mu afal meram,
ba musalul seen bakkan,
xanaa jébbal leen mbas ma.
51 Daa faat képp kuy taaw ca Misra
te juddoo seen digg doole, fa xaymay sëti
Xam*.

52 Mu génne ñoñam niy gàtt,
wommat leen ni gétt ca màndiŋ ma,
53 ba yóbbu leen fu wóor te tiituñu;
seeni noon, géej ga mëdd leen.
54 Mu yóbbu leen fa suufam su sell sa,
fa tund woowu mu jënde dooleem.
55 Da leena dàqal ay xeet,
dogal leen céru suuf,
sancal giiri Israayil ca seeni xayma.

56 Teewul ñuy diiŋat aka gàntal Yàlla Aji
Kawe ji,
sàmmuñu ay dénkaaneem,
57 xanaa dëddu, di ko wor ni seeni maam,
toogadi ni xala gu yolom.
58 Ñu di ko merlook seen bérebi
jaamookaay,
di ko fiirlook seen jëmmi tuur.
59 Ba ko Yàlla yégee, mer na,
ba jéppi Israayil lool.
60 Mu gental dëkkuwaayam ba ca Silo,
xaymaam ba mu sampoon ca doom
aadama ya.
61 Mu jébbal ngàllo màndargam dooleem†,
may gànjaram ca loxol noon ba.
62 Daa bàyyee ñoñam saamaru noon,
ndax mere yooya séddoom.
63 Seeni waxambaane dee ci sawaray xare,
seeni janq lamb;
64 seeni sarxalkat loru ci saamar,
te jëtun jooyul.

65 Ca la Boroom bi yewwu ni ku doon
nelaw,

* **78.51** ***sëti Xam*** mooy Misra ba tey. † **78.61** ***màndargam dooleem*** ji ñu wax fi mooy gaal gi àlluway kóllërey Yàlla dence.

mel ni jàmbaar ju biiñ xabtal.
66 Mu dóor noon ba yari gannaaw,
teg leen gàcce gu dul fey,
67 ba noppi xalab waa kër Yuusufa,
te tànnul giirug Efrayim,
68 xanaa tànn giirug Yuda,
tànn tundu Siyoŋ wi mu sopp.
69 Mu tabax këram gu sell, na mu mel fa kaw-a-kaw,
dëgër ni suuf si mu samp ba fàww.
70 Mu teg ca tabb Daawuda, jaamam ba,
jële ko ca gétti xar ya,
71 fa mu doon toppatoo jur gu jaboot;
mu sàmmal ko waa kër Yanqóoba,
askanu Israayil wi mu séddoo.
72 Daawuda sàmme leen xol bu mucc ayib,
jiitee leen manooreem.

# 79

*Yàlla, feyul nu*

1 Dib taalifu cant, ñeel Asaf.

Céy Yàlla, yéefar yi song nañu sa moomeel,
teddadil nañu sa kër gu sell,
gental nañu Yerusalem.
2 Leel nañu tan yi sa néewi jaam ñi,
leel nañu rabi àll yi sa suuxi wóllëre ñooñu.
3 Ñu tuur seen deret nim ndox,
ba Yerusalem daj,
te amul kuy rob néew yi.
4 Noo ngi nii di mbalitu dëkkandoo yi;
ñu séqe nu ay kókkaleeki kekku.

5 Céy Aji Sax ji, loo deeti xaar?
Xanaa doo nu mere ba fàww,
sa fiiraange ni sawara ci sunu kaw?
6 Sippil sa mer yéefar yi la xamul,
ak réew yi wormaalul sa tur.
7 Ñoo sëxëtoo giirug Yanqóoba,
gental dëkkuwaayam.
8 Bul nu topp ñaawtéef ya woon,
ngalla gaaw noo gatandoo sa yërmande.
Danu ne dàll, ba ne dett.
9 Éy Yàlla, yaa nuy musal, wallu nu,
ba sa seede rafet.
Xettali nu te baal nu sunuy bàkkaar,
ba sa woy rafet.
10 Bul tax yéefar yi naa:
«Ana seen Yàlla?»
May nu, nu gis ni ngay mbugale yéefar yi,
feye leen sa deretu jaam yi tuuru.
11 Ñi ñu jàpp, yal na seeni onk àkki fa yaw.
Ñi ci tànki dee, yal nanga leen musale sa doole ju màgg ji.

12 Boroom bi, sewal gi la sunuy dëkkandoo sewal,
këpp leen ko juróom ñaari yoon,
13 te nun ñiy sa mbooloo, di sa gétt gi ngay foral,
nu di la sant ba fàww,
di biral sa ngërëm sët ba sëtaat.

# 80

*Yàlla, suqalil sa njëmbat*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan bu ñuy wax Tóor-tóor yi, dib taalifu cant, ñeel Asaf.

2 Éy yaw, Sàmmu Israayil, teewlu nu;
yaw mi jiite Yuusufa ni ag jur,
yaw mi toogandook malaakay serub yi, feqal sag leer.
3 Dawalal sa njàmbaar, ñeel Efrayim ak Beñamin ak Manase,
te wallusi nu.
4 Éy Yàlla, suqali nu;
geesoo nu sa leeru kanam, nu raw.

5 Éy Aji Sax ji, Yàlla Boroom gàngoor yi,
foo àppal sa mer,
mi ngay wuyoo sa ñaanu mbooloo mi?
6 Leel nga nuw naqar,
nàndal nu mbàndum rongooñ,
7 def nga dëkkandoo di nu xëccoo,
noon di nu ree.
8 Éy Yàlla Boroom gàngoor yi, suqali nu;
geesoo nu sa leeru kanam, nu raw.

9 Yaa déjjate ag reseñ ci Misra,
dàq yéefar yi, indi, jëmbataat.
10 Nga raadu suuf si,
reseñ gi sampu, law, dajal réew mi;
11 keppaaram muur tund yi,
ay caram sàng garabi seedar yu mag yi.
12 Mu tàllal ay bànqaasam ba géej,
lawal njebbit la ba ca dexu Efraat ga.

13 Lu tax nga bëtt ay ñagam,
ba ku fa jaare witt ca,
14 mbaam àll di ko ruur,

ndundati àll di ca for?
15 Éy Yàlla Boroom gàngoor yi, geesul;
séentool asamaan, ba gis
te taxawusi reseñ gii.
16 Taxawusil njëmbat lii nga jëmbate sa
ndijoor,
ngarab sii nga dooleelal sa bopp.

17 Dees koo gor, taal;
yal na ñii sànkoo sa mbugal.
18 Yal nanga yiir ki nga tànn,
kii nga dooleelal sa bopp,
19 ba dootunu la dëddu.
May nu nu dund, nu wormaal sa tur.
20 Éy Aji Sax ji, Yàlla Boroom gàngoor yi,
suqali nu,
geesoo nu sa leeru kanam, nu raw.

# 81

*Déggal Yàlla, jariñu*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel Asaf, te
ànd ak xalam gu ñuy wax gitiit*.

2 Sarxolleleen ci Yàlla mi nuy dooleel;
xaaculeen ci Yàllay Yanqóoba.
3 Yékkatileen woy te jiin,
xalam neex, ànd ak moroom ma.
4 Walleen bufta bi ci Terutel weer wi,
ak weer wu birale bésu màggal.
5 Loolu wartéefu Israayil la,
di ndigalu Yàllay Yanqóoba,
6 di ndénkaane bu mu dénk waa kër
Yuusufa,
ba Yàllay dali ca kaw réewum Misra.
Baat bu ma xamul laa dégg, mu naan:
7 «Yennil naa leen yen bi,
woyofal seeni loxo.
8 Ngeen jàq, woo ma, ma xettali leen,
wuyoo leen fa kiiraayal dënn ya,
te maa leen nattoo fa wal ma ca Meriba.
Selaw.
9 Yeen sama ñoñ, dégluleen, ma dénk leen.
Éy Israayil, su ngeen ma déglu woon!
10 Buleen fat tuuru jàmbur,
buleen sujjóotal tuuru doxandéem.
11 Man, Aji Sax ji, maay seen Yàlla
ji leen yékkatee réewum Misra.
Ŋaleen ŋafeet, ma reggal leen.

12 «Waaye sama ñoñ déggaluñu ma,
ñuy Israayil gii ma nangulul.
13 Moo tax ma bërgël leen ak seenug të,
ñuy wéye seeni pexe.
14 Éy su ma sama ñoñ déggaloon,
éy su Israayil toppoon samay nammeel!
15 Ci saa si laay toroxal seeni noon,
duma seeni bañ,
16 ba ku bañ Aji Sax ji di ko raamal,
te àppam du jeex ba fàww.
17 Kon yeen, ma leel leen ngën-gi-pepp,
reggal leen lem ju doj xelli.»

# 82

*Yàllaay àtte ndawi péncam*

1 Dib taalifu cant, ñeel Asaf.

Yàlla toog na, di jiite ndajem boppam,
di àtte ndawi péncam, naan:
2 «Dungeen bàyyi àtteb njublaŋ,
ak di faral ku bon?
Selaw.
3 Sàmmleen àqu néew-ji-dooleek jirim,
tey àtte yoon ku ñàkk ak ku ndóol.
4 Walluleen néew-ji-dooleek walaakaana,
di leen xettali ci ku bon.

5 «Ndawi péncum Yàlla yii xamuñu, dégguñu;
xanaa di doxe lëndëmu ñaawtéef,
ba ponki dëgg yépp di jaayu.

6 «Dama ne ay yàlla ngeen,
yeen ñépp di njabootu Aji Kawe ji.
7 Waaye du leen tee dee ni doom aadama,
du leen tee daanu ni képp kuy njiit.»

8 Ngalla Yàlla, taxawal, àtte àddina,
yaw yaa séddoo xeetoo xeet.

# 83

*Yàlla, mbugalal noon yi*

1 Di woyu cant, ñeel Asaf.

Éy Yàlla, bul ne cell,
2 rikk Yàlla, bul tanqamlu, ne patt.
3 Xoolal sa noon yiy riir,
sa bañ yi fippu ba téen!
4 Sa ñoñ lañuy rabatal,
di mànkool sa séddoo yii.
5 Ñu ne: «Ayca nu far seen xeet wi,
ba deesul fàttalikooti turu Israayil.»

* 81.1 ***gitiit:*** seetal ci 8.1.

6 Dañoo mànkoo kat,
te yaw lañu takktool:
7 muy néegi Edom ak Ismayla,
néegi Mowab ak Agar,
8 néegi Gebal, Amon ak Amaleg
ak waa Filisteek waa Tir,
9 réewum Asiri it fekki leen,
di dooleel askanu Lóot wa.
Selaw.

10 Def leen na nga defoon waa Majan*,
def ko Sisera ak Yabin ca dexu Kison†,
11 ña nga sànku ci Endor,
ba doonub tos fi kaw suuf.
12 Defal seeni njiit na Oreb ak Seeb,
def seen kilifa yépp ni Sebax ak Calmuna,
13 ña ne woon: «Nan séddoo parluy Yàlla yi.»
14 Éy Yàlla, wëndeel leen ni callweer,
ñu mel ni boob bu ngelaw wal.
15 Éy Yàlla, ni daay di xoyome àll,
sawara wa jafal tund ya,
16 yal nanga leen ni toppeek sa dooley ngelaw,
tiitale leen sa ngëlén.
17 Aji Sax ji, sëlëm leen gàcce,
ba ñu daw wutsi la.
18 Yal nañu rus, jàq ba fàww.
Yal nañu torox, sànku.
19 Yal nañu xam ne yaw mi tudd Aji Sax ji doŋŋ
yaay Aji Kawe ji yilif àddina sépp.

# 84

*Ku dal ak Yàlla bég*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd ak xalam gu ñuy wax gitiit*, ñeel askanu Kore wu góor.

2 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
yaaka sopplub dëkkuwaay!
3 Damaa namm ëttub Aji Sax ji,
di ko gelu ba jeex tàkk,
jëmm jeek xol bi,
di xaacul Yàlla jiy dund.
4 Éy Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
sama buur, sama Yàlla,
sawoor sax tag, nga fat ko,
mbelaar it sàkk tàggam,
denc ay cuujam fa sa sarxalukaay.
5 Ndokkalee ku dëkke sa kër,
di la màggalati.
Selaw.

6 Ndokkalee ku lay doolewoo,
te namma topp yoon ya jëm sa kër.
7 Buy jàll xuru Jooyoo,
mu saf ko bëti ndox,
céebo sànge xur wa barke,
8 muy gëna am doole,
ba teewi fa Yàlla ca Siyoŋ.

9 Éy Yàlla Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
déglul, ma ñaan la!
Yàllay Yanqóoba, teewlu ma.
Selaw.

10 Éy Yàlla, geesul Buur, sunu kiiraay,
ngalla niiral kii nga fal.
11 Benn fan ci sab ëtt de
moo dàq junniy fan feneen.
Sama taxawaayu bunt kër Yàlla
moo ma gënal tëraayu biir xaymab ku bon.
12 Aji Sax ji Yàllaa mat jant, mat kiiraay;
yiw ak daraja, Aji Sax ji joxe;
te du ngëneel lu muy bañal ku mat.
13 Éy Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
ndokkalee ku la wóolu.

# 85

*Aji Sax ji, suqaleeti nu*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu cant, ñeel askanu Kore wu góor.

2 Éy Aji Sax ji, yaa baaxe woon sa réew mi,
ba suqali sëti Yanqóoba yi,
3 baal sa mbooloo seeni ñaawtéef,
jéggal leen bépp bàkkaar.
Selaw.

4 Bàyyi nga xadar ja,
muñ mer ma.

5 Éy Yàlla mi nuy musal, suqali nu,
te meddi.
6 Xanaa doo nu mere fàww,
ba ca sët yaak sëtaat ya?
7 Xanaa dinga leqali sa mbooloo,
ba ñu man laa bànneexoo?
8 Éy Aji Sax ji, won nu sa ngor,
baaxe nu sag wall.

---

* **83.10** Seetal ci *Njiit ya* saar 6—8. † **83.10** Seetal ci *Njiit ya* saar 4—5. * **84.1** ***gitiit:*** seetal ci 8.1.

9 Woykat ba nee: «Naa déglu
lu Aji Sax ji Yàlla di wax.»
Jàmm lay wax wóllëreem ñiy ñoñam,
ba duñu dellu ci jëfi dof.
10 Wallam aka jege ñi ko ragal,
te leeram dëgmal sunu réew mii!
11 Ngor ak wormaa daje,
njub ak jàmm saafoonte,
12 kóllëre jebbee fa suuf,
njub séentoo asamaan,
13 Aji Sax ji it maye ngëneel,
sunu suuf meññal,
14 njub jiitu Aji Sax ji,
di ko xàllal yoonam.

# 86

*Ma ñaan, bésub njàqare*

1 Mu di ñaanu Daawuda.

Éy Aji Sax ji, teewlu ma, nangul ma,
damaa ñàkk, néew doole.
2 Maa gore, musal ma;
maay sa jaam bi la wóolu,
yaw, sama Yàlla, wallu ma.
3 Éy Boroom bi, baaxe ma;
yaw laay yendoo woo wall.
4 Boroom bi, bànneexalal sab jaam,
yaw laa dékk sama xol.
5 Boroom bi, yaa baax, di baale,
di nàddil sa ngor képp ku lay dagaan.
6 Éy Aji Sax ji, teewlul, ma ñaan la;
déglul, ma tinu la.
7 Bu ma la woowee bésub njàqare,
yaa may nangul.

8 Boroom bi, doo moroomu tuur yi,
te jëf melul ni sa jos.
9 Boroom bi, mboolem xeet yi nga sàkk
ñoo lay sujjóotalsi,
di màggal sa tur.
10 Yaa màgg te yéemey jëf,
yaw doŋŋ yaa di Yàlla.
11 Éy Aji Sax ji, won ma sa nammeel,
ma doxe sa dëgg.
Tënkal sama xol ci ragal la.
12 Boroom bi sama Yàlla,
naa la sante xol bu fees,
màggal la ba fàww.
13 Ngor lu réy nga ma won,
sorele maak tëraayu bàmmeel.
14 Éy Yàlla, nit ñu bew a ma jógal,
def gàngoor gu néeg, di rëbb sama bakkan,
te seetuñu la ci.
15 Waaye yaw Boroom bi Yàlla, yaa
ñeewante, yërëm,
yaa muñ mer, bare ngor ak worma.
16 Geesu ma, baaxe ma.
Dooleelal sab jaam,
wallul ki sa jaam sukk jur!
17 Ngalla def ma sa firndey mbaax,
ba bañ yi gis ci, rus,
ndax yaw Aji Sax ji ma dimbali, dëfal ma.

# 87

*Siyoŋ, yaay ndeyu xeet yi*

1 Ñeel askanu Kore wu góor, di woyu cant.

Dëkkub Aji Sax ji, kenu yaa nga ca tund yu
sell ya.
2 Aji Sax jee sopp bunti Siyoŋ gii,
mu gënal ko fu fu askanu Yanqóoba dëkke.
3 Yaw, dëkkub Yàlla bi,
tuddees na say jaloore.
Selaw.
4 Yàlla nee: «Ma limaale Misraak Babilon,
ñi ma xam di dégg.
Xoolal Filisti ak Tir, ak réewum Kuus.
Nit a ngii, juddoo fa.»
5 Te teewul ñu cosaanale ko Siyoŋ,
ne kii ak kee fa bokk juddoo,
te Aji Kawe jee saxal Siyoŋ.
6 Aji Sax jeey lim xeet yi, limaale leen
ne: «Kii fi la juddoo.»
Selaw.
7 Kuy fecc ak kuy woy ànd naan:
«Sunu cosaanoo cosaan fii la!»

# 88

*Ma jàq, jooy*

1 Di woyu cant, ñeel askanu Kore wu góor,
jëm ci njiital woykat yi, dëppook galan bu
ñuy wax Maxalat Leyanot, dib taalifu
yeete bu ñeel Eman mi bokk ci giirug Esra.

2 Éy Aji Sax ji, Yàlla ji may musal,
bëccëg ma yuuxu,
guddi ma yuuxu fi sa kanam.
3 Yal na sama ñaan àgg fa yaw;
teewlul, ma woote wall.
4 Damaa suur këll ay musiba,
ba soreetuma njaniiw,

5 ñu sóoraale maak ñi wàcci biir bàmmeel.
Ma mel ni jàmbaar ju kenn amatul
yaakaar,
6 bokk ci néew yi dara waratul,
mbaa ku ñu bóom, mu tëdd cim pax,
faaleetoo ko, xanaa dagg ko, wacc.
7 Tàbbal nga ma kàmb gu xóot,
biir xóotey lëndëm.
8 Yen nga ma sa xadar,
tance ma sa gannax yépp.
Selaw.
9 Dàqal nga may xame,
tax nga ñu seexlu ma;
ma tëju, génnatuma.
10 Samay gët a ngi giim ndax naqar.
Éy Aji Sax ji, maa ngi lay woo bés bu ne,
dékk lay loxo.

11 Ku dee, lu muy doyeeti say kéemaan?
Ndax néew dina jóg di la màggal?
Selaw.
12 Dees na siiwal sa ngor biir bàmmeel,
mbaa sa kóllëre ci paxum sànkute?
13 Ana kuy yég say kéemaan ci googu
lëndëm?
Ku lay seedeel njub réew ma fàtte faloo?

14 Aji Sax ji, man, yaw laay woo wall,
xëy, kare la gii ñaan, ne la:
15 Éy Aji Sax ji, loo may gàntale,
di ma fuuylu?
16 Mitit bay laatikaaf, sama ngone ba tey;
sa mbugal yu raglu, ba bopp ubu ràpp!
17 Sa mer mëdd ma,
sa mbugal yu raglu sànk ma,
18 mëdd ma nim ndox bés bu ne,
gëndoo fi sama kaw.
19 Dàqal nga ma soppeek xarit,
ma far xejjoo lëndëm.

# 89

*Aji Sax ji, loo dige woon?*

1 Dib taalifu yeete bu ñeel Etan mi bokk ci
giirug Esra.

2 Aji Sax ji laay woye ngoram, ba fàww,
di biral wormaam sët ba sëtaat.
3 Dama ne, sa ngor dàkk la sax,
fa asamaan nga dëël sa worma.
4 Aji Sax ji nee: «Damaa fas kóllëreek ki ma
tànn,
muy Daawuda sama jaam bi ma giñal ne
ko:
5 “Damay saxal sa askan ba fàww,
samp sab jal sët ba sëtaat*.”»
Selaw.

6 Aji Sax ji, waa asamaan a ngi lay sante
say jaloore,
ndajem ñu sell ña di la joobee sa kóllëre.
7 Ana kuy dab-dabal Aji Sax ji, fa
kaw-a-kaw?
Ana ci goney Yàlla yi ku nirook Aji Sax ji,
8 Yàlla ji ñu teral a teral ci jataayu ñu sell ñi,
te mu gëna raglu lu ko wër?
9 Yàlla, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
Ki Sax, ana ku tollook yaw doole?
Yaw mi sa kóllëre féete fu ne!

10 Yaw yaa man géej gu sàmbaraax;
gannax ya fuddu, nga dalal.
11 Yaa rajaxe Raxab miy ninki-nankay
géej, bóom ko,
tasaare say noon ci sa doole.
12 Yaa moom asamaan, yaa moom suuf.
Àddinaak li ci biiram, yaa ko taxawal.
13 Bëj-gànnaar ak bëj-saalum, yaa ko sàkk.
Tabor ak Ermon, tund ya, di sarxollee sa
tur.
14 Yaa àttan, jàmbaare;
sa loxo di dooley neen,
sa ndijoor ca kaw!
15 Àtteb dëgg ak njub a lal sab jal,
ngor ak worma dox jiitu la.

16 Aji Sax ji, ndokkalee mbooloo mu la xal
di sarxollee,
di niitoo saw yiw,
17 ànd di la bége bés bu ne,
sa àtteb dëgg siggil leen.
18 Seen darajay doole, yaw a.
Boo nu baaxee, nu yokku kàttan.
19 Sunu kiiraay lii, Aji Sax jeey boroom;
sunu buur bii, Aji Sell ji séddoo Israayil
mooy boroom.

20 Wax nga say wóllëre ci peeñu,
ne leen: «Kaweel naa jàmbaar ci xeet wi,
dénk ko ndimbal.
21 Maa ràññee sama jaam Daawuda,

* **89.5** Seetal ci *2.Samiyel* 7.1-16.

fale ko sama diw gu sell,
22 ànd ak moom, saxal ko,
sama loxo di ko dooleel.
23 Noon du ko bett,
ku bon du ko toroxal.
24 Ay bañam, ma rajaxe;
ay noonam, ma faat,
25 sama wormaak sama ngor di ko gunge,
may yokk kàttanam.
26 Géej, ma teg ci loxoom,
dex, ma ne ca tegg ndijooram.
27 Moo ma naa: "Yaay sama baay,
di sama Yàlla, di sama wéeru-mucc."
28 Te it maa koy def samab taaw,
tiimale ko buuri àddina,
29 sàmmal ko sama ngor ba fàww,
feddalil ko sama kóllëre.
30 Damay saxal askanam ba fàww,
yàggal ab jalam ni asamaan.
31 Bu ay sëtam wàccee sama yoon,
baña doxe samay ndigal,
32 mbaa ñu xëtt sama dogali yoon,
baña sàmmonteek samay santaane,
33 ma bantale leen seenug moy,
dumaa leen seen ñaawtéef.
34 Waaye duma ko daggal sama ngor,
te duma ko ñàkke worma.
35 Déet, duma masa fecci sama kóllëre,
te duma toxal sama kàddu.
36 Benn yoon laa ko giñ ci sama sellaay,
duma fen Daawuda:
37 askanam, dàkk;
ab jalam fi sama kanam ni jant bi,
38 ak weer wi sax ba fàww,
dib seede bu wér ca niir ya.»

Selaw.

39 Ndaxam yaw Yàlla, jéppi nga ki nga fal,
mere ko, wacc ko.
40 Fecci nga sa kóllëreek sab jaam,
foq nguuram, detteel ko.
41 Bëtt nga ñagam yépp,
saam ay tataam,
42 ku fa jaare, jël ca alalam,
mu doon mbalitu dëkkandoo yi.
43 Yékkati ngay bañam,
noonam yépp di ree.
44 Waññi nga ñawkal saamaram,
te taxawuloo ko cib xare.
45 Xañ nga ko darajaam,
rattax ngànguneem fa suuf.
46 Dagg nga fani ngoneem,
sang ko gàcce.

Selaw.

47 Éy Aji Sax ji, xanaa lii du jeex?
Xanaa doo làqu fàww nii,
sa mer di boy?
48 Bàyyi ma xel, samay fan yàggul.
Xanaa du neen a tax nga sàkk mboolem
doom aadama?
49 Ana kuy dund te du dee?
Ku mana rëcc tëraayu bàmmeel?

Selaw.

50 Boroom bi, ana sa ngor la nga daan jëfe
te nga giñale woon ko Daawuda ci sa
worma?
51 Boroom bi, bàyyil xel ci sa gàcceg jaam
ñi,
ak xeet yu bare yi ma yenu yépp.
52 Aji Sax ji, say noon a ngi sewal
buur bi nga fal, ne ko dann.

53 Cant ñeel na Aji Sax ji ba fàww.
Amiin, amiin.

# 90

*Doom aadama yàggul*

1 Di ñaanu Musaa, góorug Yàlla ga.

Boroom bi, yaa nu masa fat
maasoo maas.
2 Bala tund yee juddu,
bala ngay sos suuf ak àddina,
yaa mas di Yàlla, ba fàww.
3 Yaay delloo doom aadama ci pënd,
ne ko: «Yaw, doom aadama, dellul!»
4 Junniy at ci yaw
daa gaaw ni démb ak tey,
mbete waxtu yu néew ci wattub guddi.
5 Yaay buub nit, nelawal ko.
Suba mu jebbi nim ñax,
6 xëy, jebbi, naat;
ngoon mu lax, wowal.
7 Soo meree kay, nu sànku,
nga xadaru, nu jàq.
8 Sunuy ñaawtéef a ngi janook yaw,
te sunu mbóot leer na la.
9 Sunu giiru dund nga di nu mere,
sunuy fan jeex ni noo guy naaw.
10 Sunu àppu dund di juróom ñaar fukki at,
ku dëgër ba dëgër, juróom ñett fukk;
li ci ëpp di coonooku tiis,
ne fëyy, nu wéy.

11 Ana ku xam sa dooley mer
ak sa xadar ju raglu?
12 Yal nanga nu xiir ci lim sunuy fan,
ba nu mana dawal xel mu rafet.

13 Aji Sax ji, délsil, loo deeti xaar?
Ngalla yëréemal sa jaam ñi.
14 Nu xëy, nga reggal nook sa ngor,
nuy sarxolle, bànneexoo ko sunu giiru dund.
15 Bànneexal nu limu fan yi nga nu mbugal,
diirub ati tiis yi nu dund.
16 Yal na sa jaloore leer sa jaam ñi,
sa daraja leer seeni doom.
17 Boroom bi sunu Yàlla, ngalla baaxe nu.
Sottalal nu sunu liggéeyu loxo,
rikk, sottalal nu sunu liggéeyu loxo.

# 91

*Aji Sax jee mat kaaraange*
1 Ku dëkke kiiraayu Aji Kawe ji
yaa këroo keppaaru Aji Man ji.
2 Dama naa Aji Sax ji:
«Yaw laay làqoo, di la fegoo;
ngay sama Yàlla ji ma doyloo.»
3 Kii kay moo lay musal cig fiir
ak loraangey mbas.
4 Kiiraayam la lay sànge,
nga yiiru, làqu;
kóllëreem feg la, di la aar.
5 Doo ragal njàqarey guddi
mbaa fittu bëccëg
6 mbaa mbas mu yooteg lëndëm,
ak balaa buy faat njolloor.
7 Junni daanu fi sa wet,
fukki junni (10 000) daanu fi sa ndijoor,
du tax mu jege la.
8 Say gët nga ciy teg,
di seetaan ku bon di jot yoolam.
9 Yaw mi màkkaanoo Aji Sax ji,
Aji Kawe jii di sama rawtu,
10 genn loraange du la dab,
balaa du jege sa xayma.
11 Ay malaakaam la lay booleel,
ñu di la sàmm foo jëm.
12 Seeni loxo lañu lay leewoo,
ba doo fakkastalu ciw doj.
13 Dangay falaxe jaan ak gaynde,
di rajaxe ñàngóor ak sibi.
14 Yàlla da naa: «Kii de man la safoo,
ma di ko xettali.
Man la xam, te maa koy teg fu wóor.
15 Mu woo ma, ma wuyu ko;
mook man ci biir njàqare,
ma xettali ko, darajaal ko,
16 reggal koy fan,
baaxe ko samag wall.»

# 92

*Nu woy bésub Noflaay*
1 Di woyu cant ngir bésub Noflaay.

2 Céy ngëneel li ci sant Aji Sax ji,
di la woy, yaw Aji Kawe ji,
3 xëye tudd sa ngor,
gonloo xamle sa kóllëre,
4 xalamu fukki buum ànd ak moroom ma,
xeetu kooraa jibandoo.
5 Aji Sax ji, yaa ma bégale say jaloore,
may sarxolle ci say manoore.
6 Aji Sax ji, yaa réyi jëf;
xóoti pexe.
7 Ku ñàkk xel réere ko,
ku dofe umple ko.
8 Bu ku bon sëqlee nim ñax,
képp kuy def lu bon di yokkule,
dañoo nara sànku ba fàww rekk.

9 Waaye yaw ma fa kaw,
yaay Aji Sax ji ba fàww.

10 Aji Sax ji, sa noon yi kay, ndeke yoo;
ndeke yoo sa noon yi, sànku rekk;
defkati mbon ñépp, fëlxoo rekk.
11 May nga ma dooley nagu àll,
ma diwoo diw gu bees.
12 Maa gis jéllu noon yi,
dégg yuuxi ñu bon ñi may tëru.
13 Ku jub day naat nig tàndarma,
màgg ni garabu seedaru Libaŋ
14 gu ñu jëmbat ci biir kër Aji Sax ji,
muy naate ci sunu biir ëttu Yàlla;
15 bu màggatee sax di meññ,
tooy xepp, sëq lipp,
16 di biral njubteg Aji Sax ji,
sama cëslaay ji dencul njubadi.

# 93

*Ma bàkk Aji Sax ji*
1 Aji Sax jeey buur, soloo daraja;

Aji Sax jee solu, gañoo doole:
àddinaa ngii, dëju te raful.
2 Sab jal a masa sax,
te yaa masa nekk.
3 Aji Sax ji, géej a riir,
géej a àddu, mu riir,
gannax ya rëkk, mu riir.
4 Waaye riirum wal mu walangaanoo,
ak géej gu sàmbaraaxoo,
Aji Sax ja fa kaw a rawati!
5 Say santaanee wér te wóor;
Aji Sax ji, sellaay la sa kër jagoo ba fàww.

# 94

*Yàllaay mbugal ku bon*

1 Éy Aji Sax ji Yàlla, boroom mbugal!
Boroom mbugal, feqal sag leer!
2 Yaw miy àtte àddina, jógal
yool ku bew.
3 Aji Sax ji, fu ku bon kiy àkki?
Fu ku bon kiy kañu àkki?
4 Ñu ngi làmmiñoo reewande,
képp kuy def lu bon di damu.
5 Aji Sax ji, say ñoñ lañuy dëggaate;
say séddoo lañuy néewal.
6 Jëtun akub doxandéem, ñu faat;
ab jirim, ñu bóom,
7 te naa: «Ki Sax gisu ci,
Yàllay Yanqóoba jii yégu ko.»

8 Yeen bokk yu dofe yi, moytuleen.
Gàtt xel yi, kañ ngeen di muus?
9 Ki jëmbati nopp, da dul dégg a?
Am ki xari gët, da dul gis?
10 Kiy yar yéefar yi, da dul mbugalee?
Du mooy kiy xamal nit?
11 Aji Sax ji xam na xalaatu nit,
xam ne cóolóolu neen la.

12 Ki Sax, ndokkalee ki ngay yar,
tàggat ko ci saw yoon,
13 dëfal ko ci bési safaan,
ba keroog ñuy gasal ku bon.
14 Boroom bi kat du wacc ñoñam mukk,
du bàyyi ay séddoom.
15 Àtte dina dellu doxe yoon,
képp ku jub topp ca.
16 Ana ku may taxawal ci ñu bon ñi?
Ku may jógal ci biir ñiy def lu bon?
17 Su ma Aji Sax ji walluwul woon,
tuuti ma fanaani réew ma ne selaw.
18 Dama noon: «Tarxiis naa!»
Waaye yaa ma awoo sa ngor.
19 Ma bare xalaati xol,
nga dëfal ma, ma bég.
20 Loo séq ak njiit lu jubadi
luy yoonal njubadi?
21 Ñii dañoo mànkoo, di tëru ku jub,
di teg àtteb dee ku deful dara.
22 Waaye Aji Sax jeey sama rawtu,
ci sama Yàlla laay ame cëslaay, làqu.
23 Moo leen di këpp seen ñaawtéef,
sànke leen seenug mbon.
Sunu Yàlla Aji Sax jee leen di sànk.

# 95

*Kaayleen, nu sant*

1 Kaayleen, nu sarxolleel Aji Sax ji,
nu xaacul sunu wéeru-mucc.
2 Nanu ko dikke cant,
woyal ko, mu riir.
3 Aji Sax jeey Yàlla ju màgg ji,
buur bu mag bi tiim yàllay xeet yépp.
4 Moo moom xóotey suuf,
moom colli tund yi,
5 moom géej, sàkk ko,
moom jéeri ji mu mooñ.
6 Nan sëgg, sujjóot,
sukkal Aji Sax ji nu sàkk.
7 Mooy sunu Yàlla,
nuy xeet wi muy foral,
diy gàtt ciy loxoom.

Bésub tey yal nangeen dégg kàddoom
8 ga mu noon: «Buleen të, na woon fa
Meriba,
jantub keroog fa Maasa, ca màndiŋ ma,
9 fa ma seeni maam doon seetloo,
di ma diiŋat te gisoon samay jaloore*.
10 Ñeent fukki at laa jéppi googu maas,
ma ne: “Seen xol a dëkke lajj,
ñu faaleedi samay santaane.”
11 Moo ma taxa giñ ci sama biir mer,
ne duñu tàbbi fa samag noflaay.»

# 96

*Buur Yàllaa ngi àttesi àddina*

1 Woyleen Aji Sax ji woy wu yees,

* **95.9** Seetal ci *Mucc ga* 17.1-7.

yeen àddina sépp woyleen Aji Sax ji.
2 Woyleen Aji Sax ji, màggal turam,
di siiwal xettaleem bésoo bés!
3 Siiwalleen màggaayam ci biir xeet yi,
xamal waasoo waaso ay jalooreem.
4 Aji Sax jee màgg, jara sant a sant
te gëna mata ragal lépp lu ñuy jaamu.
5 Mboolem yàlla yi xeet yiy jaamu, yàllantu la,
waaye Aji Sax jee sàkk asamaan.
6 Màggaay ak daraja, fa moom,
dooleek taar, fa këram gu sell.

7 Yeen làngi xeet yi, seedeelleen Aji Sax ji;
seedeelleen Aji Sax ji màggaayam ak dooleem.
8 Seedeelleen Aji Sax ji màggaayu turam,
yékkatil kob sarax, duggaale ëttam.
9 Sujjóotalleen Aji Sax ji gànjaroo sellaay.
Ragalleen ko, bay lox, yeen waa àddina sépp.
10 Neleen xeet yi Aji Sax jeey buur!
Àddinaa ngi sampu ba dëgër moos, maneesu koo rëññeel.
Mooy àtte xeet yi njub.
11 Asamaanoo, bégal! Suufoo, bànneexul!
Géejoo, riiral yaak mboolem li la fees,
12 na mbooy mi jaayu, mook lu ci biiram,
ba mboolem garabi àll bi sarxolleendoo,
13 gatandoo ko Aji Sax jiy dikk,
àttesi àddina,
di àtte dun bi dëgg,
tey àtte xeet yépp ci dëggoom.

# 97

*Aji Sax jeey nguuroo dëgg*

1 Aji Sax jeey Buur, na àddina bég;
dunoo dun bànneexu.
2 Ay xàmbaar yu lëndëm këruus a ko yéew,
àtteb dëgg ak njub lal ab jalam.
3 Sawaraa dox, jiitu ko,
di xoyomi noonam wetoo wet,
4 ay melaxam leeral àddina,
waa àddina gis, di pat-pati;
5 tund yi ne soyox seey fi kanam Aji Sax ji boroom àddina sépp.
6 Asamaan a ngi biral àtteem,
xeetoo xeet di gis darajaam.
7 Gàcce ñeel na kuy jaamu jëmmi tuur,
di puukarewoo ay yàllantu.
Yeen yàllay xeet yépp, sujjóotalleen kii,
8 Siyoŋ dégg ca, bég,
waa Yuda it di bànneexoo àttey Aji Sax jii.
9 Aji Sax ji, Aji Kawe ji tiim suuf sépp;
yaaka màgga màgg, ba sut tuuroo tuur.

10 Yeen soppey Aji Sax ji, bañleen lu bon.
Aji Sax jeey sàmm ay wóllëreem,
di leen musal ci ku bon.
11 Jub, leerlu;
jubal, bég.
12 Yeen aji jub ñi, bànneexooleen Aji Sax ji,
sante ko turam wu sell wi.

# 98

*Woyleen Aji Sax jiy àttesi*

1 Dib taalifu cant.

Woyleen Aji Sax ji woy wu yees,
moo def ay jaloore;
kàttanam ak sellaayu dooleem
jox na ko ndam li.
2 Aji Sax jee xamleg wallam,
feeñal àtteem, xeet yi gis.
3 Moo fésal bànni Israayil ngoram,
fésal ko kóllëreem,
àddina ba mu daj di gis
ni nu sunu Yàlla walloo.
4 Yeen àddina sépp, xaaculleen Aji Sax ji,
sampleen, sarxolle te woy!
5 Xalamalleen Aji Sax ji, woyal ko,
xalamal ko, woyati!
6 Walleen liit yi, wal bufta yi
te xaacu fa kanam Buur Aji Sax ji!

7 Na géej riirandook li ko fees,
mook àddinaak li ci biiram,
8 dex tàccu,
tund sarxolleendoo,
9 gatandoo ko Aji Sax jiy dikk,
àttesi àddina,
di àtte dun bi dëgg,
tey àttee xeet yépp yoon.

# 99

*Aji Sax ji buur bu sell la*

1 Aji Sax jeey Buur. Yeen xeet yi, ragalleen ko!
Moo toogandook malaakay serub yi. Suufoo, soo yeboo, yëngu!
2 Aji Sax ji fi Siyoŋ a màgg,
kawe, tiim xeetoo xeet.

3 Sa tur weeka màgg te raglu. Sàbbaalleen ko.
—Kee sell!
4 Buur, jëfe yoon mooy dooleem.
Yaa saxal yoon, dëgg ak njub
ci askanu Yanqóoba.
5 Màggalleen sunu Yàlla, Aji Sax ji,
te sujjóot fa ndëggastalam.
—Kee sell!

6 Musaak Aaróona bokk ciy sarxalkatam,
Samiyel bokk ca ñay ñaan ci turam.
Ñuy ñaan Aji Sax ji, mu di leen nangul.
7 Fa biir taxaaru niir wa la waxeek ñoom,
ñu topp kàdduy seedeem ak dogalu yoonam ba mu leen joxoon.
8 Céy sunu Yàlla Aji Sax ji, yaa leen nanguloon,
di seen Yàlla ju leen di baal,
te di leen mbugale seeni jëf ju bon.
9 Màggalleen sunu Yàlla, Aji Sax ji,
te sujjóot fa tundam wu sell wa.
Sunu Yàlla Aji Sax jee sell!

# 100

*Aji Sax jee baax*
1 Di woyu cantu màggal.

Yeen waa àddina sépp,
xaaculleen Aji Sax ji.
2 Nangeen jaamu Aji Sax ji ci mbég,
dikke koy woy!
3 Seedeleen ne Aji Sax jeey Yàlla.
Moo nu sàkk, nuy ñoñam,
di gàttam yi muy foral.
4 Nangeen dem këram, dugge faag cant,
dugg ëttam di màggal,
sant ko, teral turam.
5 Aji Sax jee baax, gore ba fàww,
worma ja sax dàkk!

# 101

*Buur a ngi jaayanteek Yàlla*
1 Ñeel Daawuda, dib taalifu cant.

Ngor ak yoon laay woy.
Yaw Aji Sax ji laay joobe.
2 Naa teewlu yoonu màndute.
Ana kañ nga may dikkal?
Naa doxe màndute
fi sama biir waa kër.
3 Caaxaani neen, xooluma;
jëf ju wàcc yoon, bëgguma,
taqu ma fenn.
4 Kuy nas njekkar, sore ma;
lu bon, xawma ko.
5 Kuy jëw moroomam, ma wedamal;
ku daŋŋiiral ak ku reew, muñaluma la.
6 Ku dëggu ci réew mi, ma geesu,
ngir fat ko.
Te kuy wéye màndute,
kookoo may liggéeyal.
7 Kuy njublaŋ du tooge sama kër,
kuy fen du taxaw sama kanam.
8 Maay xëy, sànk képp ku bon ci réew mi,
ngir génne ci dëkkub Aji Sax jii képp kuy def lu ñaaw.

# 102

*Yàlla, bu ma rey*
1 Di ñaani néew-ji-doole ju sonn, bay diis Aji Sax ji njàqareem.

2 Éy Aji Sax ji, déglul, ma ñaan la;
yal na sama yuux àgg fa yaw.
3 Bu ma dummóoyu bésub njàqare;
teewlu ma,
gaawe ma sama bésub woote!
4 Samay fan a ngi wéy ni saxaar,
sama yax yi mel nib taal.
5 Sama xol bi wow ni ñax mu xuur,
ba lekk safatu ma.
6 Damaa jàq, di onk a onk,
ba desey yax.
7 Ma mel nim tan ci màndiŋ mi,
mbete looy cib gent.
8 Nelaw të;
ma mel ni picc mu wéetoo puju néeg.
9 Bés bu ne noon yi di ma sewal;
ñi may ñaawal di móoloo sama tur.
10 Lekkuma xanaa di diwoob dóom, toroxloo;
te lu ma naan, tuur ca rongooñ,
11 te sa mer ak sa xadar a tax,
nde yaa ma fab, xalab.
12 Ker a ngi law, nara mëdd samay fan.
Maa ngi wowat nim ñax.

13 Waaye yaw Aji Sax ji, yaay des ba fàww,
saw tur saxal maasoo maas.
14 Yaw yaay taxaw, ñeewante Siyoŋ,
ndax baaxe ko jot na,

àpp ba kay mat na.
15 Sa jaam ñeeka sopp doji dëkk bii ñu màbb,
ñoo ñeewante tojiti gentam bii.
16 Na xeet yi wormaal turu Aji Sax ji,
buuri àddina sépp wormaal darajaam,
17 nde Aji Sax jeey tabaxaat Siyoŋ,
nara feeñeg leeram.
18 Mooy nangul aji tumurànke,
xeebul ñaanam.
19 Nañu bindal lii maasug ëllëg,
ba xeet wu sosoogul màggal Ki Sax,
20 nde Aji Sax jeey jéere fu sellam fa ca kaw,
di niire suuf fa asamaan,
21 ngir teewlu onki ñi ñu tëj,
nara ubbi ñi dee di seen àtte,
22 ba ñu siiwal turu Aji Sax ji fi Siyoŋ,
màggale ko fi Yerusalem,
23 kera ba xeet yiy bokk daje,
ñook réew yi, ngir jaamu Aji Sax ji.

24 Sama digg doole la ma semmale,
gàttal samaw fan.
25 Ma ne: «Éy sama Yàlla, maasoo maas, say at du jeex.
Bu ma yóbboo sama diggi fan.
26 Bu yàgg nga samp suuf,
sàkke asamaan say loxo.
27 Yooyu day réer,
waaye yaw yaay sax,
lépp ay ràpp ni mbubb,
nga soppi leen niy yére, sànni;
28 te yaw ngay kenn ki,
te say at amul kem.
29 Sa doomi jaam ñeey dëkk;
seen askan sax fi sa kanam.»

# 103

*Ma sant Aji Sax ji*

1 Ñeel Daawuda.

Naa sant Aji Sax ji ci saa xol bii,
saa jëmm jépp di sàbbaal sellaayu turam!
2 Naa sant Aji Sax ji ci saa xol bii,
te baña fàtte mboolem xéewalam!
3 Moo lay baal foo ñaawe,
di la wéral foo woppe.
4 Mooy jot sa bakkan,
kaalaa la ngor ak yërmande,
5 di reggal sa bakkan bànneex,
yeesalal lag ndaw,
nga màggataale doole nig jaxaay.

6 Aji Sax jeey àtte njub,
di àtte dëgg jépp néew-ji-doole.
7 Moo xamal Musaa ay nammeelam,
xamal bànni Israayil ay jëfam.
8 Yiw ak yërmande, fa Aji Sax ji.
Moo muñ mer te bare ngor.
9 Saxoowul di toppe,
dencul mer ba fàww.
10 Du sunuy bàkkaar la nu mbugal,
du sunuy ñaawtéef la nu fey.
11 Ni asamaan tiime suuf,
ni la ngoram yiire ku ko ragal.
12 Ni penku soree sowu,
ni la nu soreleek sunu mbugali tooñ.
13 Ni baay yërëme doom,
ni la Aji Sax ji yërëme ku ko ragal.
14 Moo xam sunu bind,
di bàyyi xel ne pënd lanu.
15 Nit aki fanam di saxyaay
suy law ni tóor-tóoru àll;
16 ngelaw li wal, mu ne mes,
mel ni masu faa nekk.
17 Waaye ngorug Aji Sax ji naka jekk
ñeel na fàww ku ko ragal;
àtteb dëggam ñeel sëtaati
18 kuy sàmm kóllëreem,
di saxoo jëfe tegtali yoonam.

19 Aji Sax jee samp asamaan ab jalam,
nguuram ŋank lépp.
20 Yeen malaaka yi, santleen Aji Sax ji,
yeen jàmbaar yu mag yiy jëfe ndigalam,
di sàmm kàddoom.
21 Santleen Aji Sax ji, yeen gàngoori xareem yépp,
yeen dagam yiy jëfe coobareem.
22 Yeen mbindeef yépp, nangeen sante Aji Sax ji
fépp fu mu tiim.
Naa sant Aji Sax ji ci saa xol bii!

# 104

*Màggalleen Ki sàkk lépp*

1 Naa sant Aji Sax ji ci saa xol bii!
Aji Sax ji sama Yàlla, yaaka màgga màgg.

* **104.1** ***Teddnga*** mooy teraanga ju bare lool.

Teddngaak* daraja nga soloo,
2 làmboo leer ni mbubb,
firi asamaan ni ndimo,
3 xadd say néegi kaw ci biir ndox mi,
def niir yi say waruwaay,
di daagoo kaw laafi ngelaw,
4 def ngelaw yi say ndaw,
ay sawara boy, di say jawriñ.
5 Yaa dëj suuf ci fondmaam,
deesu ko yëngal ba fàww.
6 Yaa ko sànge xóotey géej ni mbubb,
ndox ma taxaw, tiim tund ya.
7 Nga gëdd, ndox ma fëx;
nga dënu, mu daw,
8 wale kaw tund ya, wàccsi xur ya,
di béreb ba nga ko beral.
9 Ag kemu nga teg, du ko wees,
te dootul muur suuf si.
10 Yaa ballal bëti ndox ya ca xur ya,
ñuy wale digg tund ya,
11 ngay nàndal bépp ndundatu àll,
di wëgg mbaamu àll,
12 njanaaw dëkke ca wet ga,
baatam jibe fa garab ya.
13 Yaa suuxate tund ya fa sa néegi kaw,
sa liggéey reggal suuf.

14 Yaa saxalal jur gi ñax
ak gàncax gu doom aadama di bey,
ba génnee ab dund fi suuf,
15 dugub di ko dooleel,
biiñ di bégal xolam,
ag diw di leeral kanamam.
16 Garabi Aji Sax ja, seedari Libaŋ
ya mu jëmbat, regg nañu,
17 picc tàgge ca,
xodd dëkke garab gu dul ruus,
18 tund wu mag ñeel kéwéli àll,
doj yi di rawtub daman†.
19 Yaa sàkk weer, muy takku jamono,
sàkk jant, mu xam waxtuw fatoom.
20 Yaa def lëndëm, mu guddi;
bépp rabu àll di ca dox,
21 gaynde gu mat ŋaral am pàddam,
di sàkkoo dundam fa Yàlla.
22 Bu jant fenkee, ñu dellu,
goori ca seeni pax,
23 doom aadama tàmbali kër-këram,
di yendoo liggéey ba ngoon.
24 Éy Aji Sax ji, yaa bare loo liggéey,
te lépp di xel mu rafet.
Suuf daa fees ak say càkkéef.
25 Géej a ngee réy te yaa,
la fay yëngu maneesu koo lim,
muy ndundat lu mag ak lu ndaw.
26 Fa la gaal di daw,
ak ngaaka la nga bind, mu di fa fowe.
27 Ñoom ñépp yaw lañuy séentu,
ngir bu jotee, nga leel leen,
28 may leen lu ñu for;
ŋëbal leen, ñu suur ngëneel.
29 Soo leen làqoo, ñu tiit;
nga rocci seen noo, ñu saay,
dellu di pënd.
30 Yaay yónnee sag noo, ñu nekk;
te yaay yeesal li ci kaw suuf.

31 Yal na darajay Aji Sax ji sax,
yal na Aji Sax ji bégey jalooreem.
32 Kee naan jàkk suuf, muy lox;
mu laal tund yi, ñuy saxaar!
33 Naa woy Aji Sax ji li feek may dund,
naa kañ sama Yàlla li feek may tooy.
34 Sama xalaat bii, yal na ko neex.
Man de maa ngi bége Aji Sax ji!
35 Yal na bàkkaarkat raaf fi kaw suuf,
te ku bon noppee nekk.
Naa sant Aji Sax ji ci saa xol bii.
Màggalleen Ki Sax!

# 105

*Aji Sax ji sàmm na kóllëre*
1 Santleen Aji Sax ji, tudd turam,
xamley jalooreem ci biir xeet yi.
2 Woyleen ko, tagg ko,
yégleleen mboolemi kéemaanam!
3 Damooleen turam wu sell,
yal na kuy wut Aji Sax ji am bànneexu xol.
4 Wutleen Aji Sax ji, sës ci dooleem.
Saxooleen koo wër!
5 Fàttalikuleen ay jalooreem
aki kéemaanam aki àtteem.
6 Yeen askanu Ibraayma, jaamam ba,
yeen sëti Yanqóoba, yeen ñi mu tànn!
7 Kee di sunu Yàlla Aji Sax ji,
di àtte suuf sépp,
8-9 di fàttaliku ba fàww kóllëreem,
ak kàddoom ga mu digoon Ibraayma,

† **104.18** ***daman*** xaw naa nirook njomboor.

ba ci junniy maas,
te mu giñal ko Isaaxa,
10 dëggalal ko Yanqóoba, sàrtal ko,
fase kook Israayil mooma kóllëre gu sax.
11 Moo noon: «Yaw laay jox réewum Kanaan,
muy sa cér, nga séddoo.»
12 Ba bànni Israayil doonee ñu néewa néew,
diy doxandéem ci réew mi,
13 di wëreelu ci biir xeetoo xeet,
ak nguuroo nguur,
14 mayul nit mu noot leen,
te yaral na leen ay buur,
15 ne leen: «Buleen laal ñi ma séddoo,
te samay yonent buleen leen lor.»
16 Moo wàcce ab xiif ca réew ma,
dagge fa lépp luy gub,
17 yónnee ku leen jiitu,
muy Yuusufa ma ñu jaayoon njaam,
18 tànk ya, ñu jéng jéng yu tar,
baat ba, ñu yeewe caqu weñ.
19 Kàddug Aji Sax ji di nattu Yuusufa,
ba keroog pirim ma dikk,
20 Buur a yónni ku ko yiwi,
ku yilifi xeet a ko tijji.
21 Mu sas ko mu jiite këram,
di saytu mboolem alalam,
22 ba saña tënk jawriñi buur ci coobareem,
tey xelal mag ña.
23 Israayil agsi Misra,
muy nganug Yanqóoba ga ca réewum Xam*.

24 Aji Sax ji giiral xeetam wa,
ba ñu gëna bare seeni noon,
25 mu xiir waa Misra ci dëddu ñoñam,
ñuy fexeel jaamam ñooña.
26 Mu yónni Musaa, jaamam ba,
tànn Aaróona, boole ca,
27 ñu sottal ci seen biir firndeem ya mu waxoon,
muy kéemaan ya ñu def ca réewum Xam.
28 Moo yónnee lëndëm, lëndëmal,
te Musaa ak Aaróona gàntaluñu kàddoom.
29 Moo soppi seen ndoxum réew deret,
rey seeni jën,
30 feesal seen réew ay mbott
yu àkki seen biir néegi buur ya.
31 Moo àddu, weñ ya dikk,
yoo ya dajal seen réew ma.
32 Mu def seenub taw tawub yuur,
sawaray melax jafal seen réew ma.
33 Mu dal ci seen figg ak reseñ,
daaneel seen garabi réew ma.
34 Mu àddooti, ay soccet dikk,
di njééréer yu wees ab lim,
35 ñu lekk luy gàncax ca seenum réew,
lekk lu suuf sa meññ.
36 Moo faat luy taaw ca seenum réew,
muy lu njëkka soqeekoo seen digg doole.

37 Mu génne leen, ñu yóbbaale xaalis ak wurus,
te kenn tëréful ca seeni giir.
38 Misra daa bég ba ñu demee
ndax tiitaange ju ñu leen tiital.
39 Mu firiw niir, yiire leen,
ak sawara, ñu niitoo guddi.
40 Ñu sàkku, mu wàcceey picci përëntaan,
teg ca reggal leen mburum asamaan.
41 Mu bënnu doj, ndox ma ball,
di dex, wale joor gu wow.
42 Daa bàyyi xel kàddoom gu sell,
ga mu waxoon Ibraayma, jaamam ba.
43 Moo génne ñoñam, ñu bég,
moo génne tànnéefam ña, ñuy sarxolle.
44 Mu jox leen suufi yéefar ya,
ñu jagoo ñaqi xeet ya,
45 ngir ñu sàmm ay dogali yoonam,
topp ndigali yoonam.
Màggalleen Ki Sax!

# 106

*Israayil di wor, Yàlla di ku wóor*

1 Màggalleen Ki Sax!
Santleen Aji Sax ji, kee baax,
kee saxoo ngoram!
2 Ana ku mana tudd jaloorey Aji Sax ji?
Ana ku mana teesal woyam?
3 Ndokkalee kuy sàmm yoon,
di def njekk fu mu tollu.
4 Éy Aji Sax ji, séddaale ma ci sa yiwu ñoñ,
ngalla, dikke ma sag wall,
5 ma gis ngëneelu ñi nga tànn,
di bànneexoo sa bànneexu xeet wi,
tey damoondook ñoom ñi nga séddoo.

6 Noo bàkkaar, nook sunuy maam;

* **105.23** ***Israayil*** ak ***Yanqóoba,*** kenn ki la; ***réewum Xam*** mooy Misra ba tey.

noo def lu ñaaw, def lu bon.
7 Sunuy maam seetuñu ca say kéemaan ca Misra,
bàyyiwuñu xel ca sa ngor lu réy,
xanaa di fippu ca géej ga, géeju Barax ya.
8 Teewul Yàlla wallu leen ngir turam,
ba xamle njàmbaaram.
9 Dafa gëdd géeju Barax ya, mu ne sereŋ;
xóotey géej mel ni màndiŋ, mu jàlle leen,
10 musal leen ci loxol bañaale,
jote leen ca loxol noon ba,
11 ndox ma mëdd bañ ya,
kenn desu ca.
12 Ca lañu gëm ay waxam,
woy ko.

13 Nes tuut ñu fàtte jëfam ja,
xaaratuñu ndigalam,
14 di ŋaf-ŋafi ca màndiŋ ma,
di diiŋat Yàlla ca àll ba.
15 Yàlla jox leen la ñuy sàkku,
wàccaaleel leen woppi ràgg.
16 Ba ñu demee ba iñaane Musaa ca dal ba,
boole ca Aaróona mu sell ma, nitu Aji Sax ja,
17 suuf a ne ŋafeet, wann Datan*,
mëddaale gàngooru Abiram;
18 sawara ne jippét fa seen biir,
tàkk ba lakk ñu bon ñooña.

19 Tëgg nañu aw nag ca tundu Xoreb,
di sujjóotal jëmm ju ñu móol,
20 di jënde seen darajay Yàlla ja
jëmmu nag wuy forum ñax.
21 Dañoo fàtte Yàlla ma leen di musal
te def jaloore ca Misra.
22 Mooy kéemaan ya fa réewum Xam†,
kiraama ya ca géeju Barax ya.
23 Yàlla da leen doon sànk,
bu dul woon ak Musaa, xejjam
ba ko kar, àtte leen,
mu giif, ba faru leen.

24 Dañoo gàntal réew mu neex,
gëmuñu kàddug Yàlla,
25 xanaa di xultoo seen biiri xayma,
baña déggal Aji Sax ji.
26 Moo tax mu giñal leen
ne dina leen tëral fa màndiŋ ma,
27 tëral seen askan ci biir xeet yi,
wasaare leen ci réew yi.

28 Ñuy darook tuurum Baal Pewor,
di lekk lu ñu sarxal ay yàlla yu amul bakkan,
29 di merloo Yàlla ci seeni jëf,
ba mbas ne dàll fa seen biir.
30 Fineyas taxaw, àtte;
mbas ma dal,
31 muy àtteb njub bu ñu ko waññal
tey ak ëllëg.

32 Ñu merlooti Yàlla ca ndoxum Meriba ma,
muy loraangey Musaa te ñoo ko waral.
33 Ñoo naqaral Musaa,
ba mu wax wax ju ko rëcc.

34 Te it faagaagaluñu yéefar
ya leen Aji Sax ji waxoon,
35 xanaa di jaxasook yéefar yooya,
di roy seeni jëf,
36 di jaamu seeni tuur,
mu mujj dig fiir ca ñoom.
37 Ñuy rendil rab ya
seen doom yu góor ak yu jigéen,
38 di tuur deretu ñu deful dara,
te muy seen deretu doom yu góor ak yu jigéen
ya ñu sarxalal tuuri Kanaaneen ña,
deret ja sobeel réew ma,
39 seeni jëf sobeel leen,
ndax seen bokkaale.

40 Aji Sax ji mere ñoñam,
sib xeet woowu mu séddoo,
41 ba tax mu teg leen ca loxol yéefar ya,
seeni bañ yilif leen,
42 seen noon ya noot leen,
ñu torox ca seeni loxo.
43 Ay yooni yoon la leen xettali,
teewul ñuy nas pexey fippu,
ba suux ci seeni ñaawtéef.
44 Mu gis nag seen njàqare,
dégg seeni tinu,
45 bàyyi xel ci kóllëreem ak ñoom,
topp ngoram lu réy, ba giif,
46 xiir ña leen jàpp ñépp,
ñu yërëm leen.

* **106.17 *Datan:*** seetal ci *Màndiŋ ma* 16.27, 31-33. † **106.22 *réewum Xam*** mooy Misra ba tey.

47 Éy Aji Sax ji, sunu Yàlla, wallu nu,
génnee nu ci xeet yi, dajale nu,
nu sante laak sa tur wu sell,
di sagoo sa teddaay.
48 Santleen Aji Sax ji Yàllay Israayil
cant gu sax dàkk, ba fàww.
Na mbooloo ma mépp ne: «Amiin!»
Màggalleen Ki Sax!

# 107

*Aji Sax jeey xettalee*

1 Santleen Aji Sax ji, kee baax,
kee saxoo ngoram!
2 Waxleen lii, yeen ñi Aji Sax ji jot,
jote leen ci loxol bañ,
3 dajalee leen fa réew ya,
jële leen penkook sowu,
ak bëj-gànnaar ak wetu géej.

4 Ñee ngi taxawaaloo màndiŋ mu wéet,
gisuñu dëkkuwaay,
5 boole xiif ak mar,
ba bakkan di tàggoo.
6 Ñu jàq, woo Aji Sax ji wall,
mu xettali leen ci seen njàqare,
7 jaarale leen ci yoon wu jub,
ngir ñu àgg cib dëkk.
8 Nañu sante Aji Sax ji ngoram
ak kéemaanam yi ñeel doom aadama yi.
9 Mooy màndal put gu wow,
di feesal ngëneel biir bu wéet.

10 Ñee ngi dëkke lëndëm gu tar,
ñu yeewe leen jéngi weñ yu tar.
11 Ñoo gàntal waxi Yàlla,
néewal ndigalal Aji Kawe ji.
12 Mu teg leen naqar, ba toroxal leen,
ñu ne nërëm te kenn walluwu leen.
13 Ñu jàq, woo Aji Sax ji wall,
mu wallu leen ci seen njàqare,
14 xar seeni jéng ñaar,
génnee leen lëndëm gu tar.
15 Nañu sante Aji Sax ji ngoram
ak kéemaanam yi ñeel doom aadama yi.
16 Moo rajaxe bunti xànjar,
damm galani weñ.

17 Ñu dofe ñalee ngi topp yoonu moy,
loroo seeni ñaawtéef,
18 bàyyi luy ñam di daw seen yaram,
ñu jege bunti dee.
19 Ñu jàq, woo Aji Sax ji wall,
mu wallu leen ci seen njàqare.
20 Daa yónnee kàddoom, wéral leen,
këfe leen cim yeer.
21 Nañu sante Aji Sax ji ngoram
ak kéemaanam yi ñeel doom aadama yi.
22 Nañ ko sarxal saraxi cant
tey sarxolle, siiwale koy jalooreem.

23 Ña ca des a ngi war gaal, dugg géej,
di liggéeye mbeex mu ne xéew.
24 Ñooñoo seede jaloorey Aji Sax ji,
ak kéemaanam ya fa xóote ya.
25 Day àddu, sant ngëlén,
mu yékkati gannax yi.
26 Gannax ya fettax ba ca kaw-a-kaw,
xàwweekoo fa, tàbbi xóote ya.
Ñu jàq ba fit ne soyox,
27 di jang, di kayaŋ-kayaŋi niy màndikat,
pexe jeex.
28 Ñu jàq, woo Aji Sax ji wall,
mu génne leen ci seen njàqare,
29 dalal ngëlén la,
gannax ya selaw,
30 ne tekk, ñu bég,
mu gindi leen ba fa ñu bëgga teer.
31 Nañu sante Aji Sax ji ngoram
ak kéemaanam yi ñeel doom aadama yi.
32 Nañu ko kañe ndajem mbooloo mi,
di ko màggale péncum mag ñi.

33 Mooy soppi wali ndox màndiŋ,
soppi bëti ndox suuf su ne sereŋ,
34 suuf su nangu doon jooru xorom
ndax mbonug ña ko dëkke.
35 Mooy soppi màndiŋ it, ndox ya taa,
soppi suuf su ne sereŋ bëti ndox;
36 dëël fa ñu xiif,
ñu sanc fab dëkk, dëkke,
37 ji ay tool, jëmbat ay reseñ,
mu meññ, ñoral,
38 Aji Sax ji barkeel, ñu giir a giir,
te wàññiwul seenug jur.
39 Bu ñu wàññikoo, ba néew doole
ndax nooteel ak coonooku tiis,
40 Aji Sax ji sib seen njiit yi leen noot,
wërloo leen àll bu amul yoon.
41 Waaye mooy teggil néew-ji-doole
coonoom,

ful njabootam nig jur,
42 aji jub ñi gis ko, bég;
mboolem ku bon wedam.
43 Ku xelu ku ne, na ràññee lii
te seede li Aji Sax ji jëfe ngoram.

# 108

*Yàlla, may nu ndam*

1 Di woyu cant, ñeel Daawuda.

2 Yàlla, dogu naa,
damay woy, di la kañ;
sama jëmm jépp di la woy.
3 Na xalam ak moroom ma yewwu,
ma yee leeru njël.
4 Aji Sax ji, dama lay gërëm ci biir xeet yi,
kañ la ci biir waaso yi.
5 Sa ngor a màgg ba sut asamaan,
sa worma àkki fa kaw-a-kaw.
6 Éy Yàlla, yaa màgg ba sut asamaan,
sag leer tiim suuf sépp.

7 Walloo nu sa ndijoor,
nangul ma,
ba say soppe xettaliku.
8 Yàllaa àddoo fa këram gu sell,
ne: «Maay damu, dogat suufas Sikem,
séddale xuru Sukkót.
9 Maa moom diiwaanu Galàdd, moom Manase,
Efrayim di sama mbaxanam xare,
Yuda di sama yetu nguur,
10 réewum Mowab di sama ndabal raxasukaay,
Edom, ma teg tànk;
Filisti, ma xaacoo fa.»

11 Éy Yàlla, ana ku may yóbbu dëkk ba tata wër?
Ku may jiite ba Edom?
12 Yàlla, xanaa du yaa nu wacc?
Éy Yàlla, yaa baña ànd ak sunu mboolooy xare?
13 Ngalla dimbali nu ci bañaale;
doom aadama, wallam neen la.
14 Nook Yàlla, nu def njàmbaar;
moom mooy noot sunuy noon.

# 109

*Yal na Yàlla mbugal noon bi*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda, dib taalifu cant.

Éy Yàlla mi may sant, bul tanqamlu!
2 Ku bon ak kuy fen a ma waxal,
sosal ma,
3 tance ma kàdduy mbañeel,
song ma ci dara.
4 Ma ji nit cofeel, mu sosal ma;
te man ma di ko ñaanal.
5 Sama jëf ju baax, loraange lañu ma ko feye,
sama cofeel, ñu feye ma ko mbañeel.

6 Yal nanga fal ku bon ci kaw kii,
ab soskat féete ko ndijoor.
7 Bu ñu koy àtte, yal nañu ko yey,
te yal na ñaanam walbatiku di bàkkaar.
8 Yal naw fanam gàtt,
keneen jagoo sasam.
9 Yal nay doomam diy jirim,
jabaram dib jëtun,
10 ay doomam di tambaambaluy yalwaan,
dëddu seeni gent, dem tàllal ay yoxo.
11 Yal na ko kuy feyeeku futti,
ay doxandéem foqati ñaqam.
12 Yàlla bu ko kenn ji ngor,
yàlla bu kenn baaxe jirim yi ko wuutu.
13 Yal na askanam seey.
Balaa geneen maas a wéy, yal na seenu tur fey.
14 Yal na Aji Sax ji bàyyi xel ñaawtéefi maamam.
Yàlla bu bàkkaaru ndeyam faru.
15 Yal na seeni moy sax fi kanam Aji Sax ji.
Yal na seen tur fare fi kaw suuf.
16 Moo séddul ngor,
di topp ku néewle te sonn,
seen xol jeex, mu bóom.
17 Moo soppoon di móoloo, yal na ko këppoo;
soppul ag ñaan it, yal na ko barke sore.
18 Móolook sol mbubb la yemale,
yal nañu duy ay móoloom ci yaramam nim ndox,
mu seeb ci biiri yaxam nig diw.
19 Yal nay móoloom di mbubbam,
te di laxasaay gu mu saxoo.

20 Lii, yal na ko Aji Sax ji feye ñi may sosal,
di teg lu ñaaw ci sama der.
21 Waaye Boroom bi Aji Sax ji,
defal ma li sa tur laaj.
Yaa baax, gore, xettali ma.
22 Damaa néewle te sonn,
sama xol dagg, ba jeex tàkk.
23 Maa ngi tàggoo ni keru ngoon,
ñu di ma fél ni soccet.
24 Samay óom a ngi nasax ndax ñàkka lekk,
desewuma lu moy yaxi neen.
25 Maa ngii, ñu di ma sewal,
ku ma gis, wëcc bopp.
26 Éy Aji Sax ji, sama Yàlla, dimbali ma,
walloo ma sa ngor,
27 ba ñu xam ne lii sa loxoo,
xam ne yaw Aji Sax ji, yaa ko def.
28 Ñooy móolu, yaw nga barkeel;
ñoo ma jógal, ñooy torox,
man, ma bég, Sang bi!
29 Yal na ñi may sosal sàngoo toroxte,
làmboo gàcce ni mbubb.
30 Ma àddu, sant a sant Aji Sax ji,
di ko màggale digg mbooloo mu yaa.
31 Mooy féete ndijoor néew-ji-doole,
musal ko ci ku koy teg àtteb dee.

# 110

*Yàlla fal na nitam*

1 Ñeel Daawuda, dib taalifu cant.

Aji Sax ji daa wax sama Sang, ne ko:
«Toogeel sama ndijoor,
ba ma def say noon sa ndëggastal.»

2 Sa nguur la Aji Sax ji saxal, dale ko fa Siyoŋ.
Yilifal noon yi la wër!
3 Sa mboolooy taxawal seen bopp,
sa bésub xare.
Ñu sol darajaak cellte,
faboo fa njël sosoo,
diy ndaw, wàccsil la, nib lay.

4 Aji Sax jee ko giñ,
te du dellu gannaaw:
«Yaa dib sarxalkat ba fàww,
topp dayob Melkiccedeg*.»
5 Sang baa ngi fi sa ndijoor
te mooy rajaxe buur yi, bés bu meree.
6 Mooy mbugal xeet yi, jal seeni néew,
di rajaxe kilifay àddina, ba mu daj.

7 Déeg ba feggook yoon wa, Buur a cay naan,
te moo ko tax di siggi.

# 111

*Yàlla la ay mbiram sax*

1 Màggalleen Ki Sax!
Naa sante Aji Sax ji léppi xol
ci biir ñu jub ñi bokk jataay.
2 Liggéeyi Aji Sax ji réy na,
ku ko safoo di ko gëstu.
3 Jëfam di teddngaak* daraja,
njubteem di sax ba fàww.
4 Moo dogal ñuy fàttalikuy kéemaanam;
Aji Sax ji boroom yiw ak yërmande.
5 Mooy leel ku ko ragal,
di bàyyi xel kóllëreem gi ba fàww.
6 Won na ñoñam dooley jëfam,
ba mu leen joxee suufu xeet yi.
7 Ay jëfam dëgg laak yoon,
tegtalam yépp mata wóolu,
8 laloo dëgg ak njub,
te sax dàkk ba fàww.
9 Moo yónnee xeetam wall,
fas ak ñoom kóllëre gu sax.
Kee sell te jara ragal!
10 Ragal Aji Sax ji di njàlbéenu rafet xel,
dég-dég bu rafet ñeel ku koy wéye.
Moo yeyoo cant ba fàww.

# 112

*Ku ragal Yàlla gis mbaaxam*

1 Màggalleen Ki Sax!
Ndokkalee ku ragal Aji Sax ji,
di tàqamtikoo ay santaaneem.
2 Aw askanam ay am doole ci réew mi.
Ku jub saw xeet barkeel,
3 alal ak koom am sa kër,
sag jëf yu jekk sax dàkk.
4 Ceeñeeru biir lëndëm jollil na ku jub
ak ku baax, di boroom yërmande ak njubte.
5 Ki baaxle mooy ki laabiir, di leble,
di jëflante cig njub.

* **110.4** ***Melkiccedeg,*** buurub Salem la woon, di sarxalkat bu Yàlla faloon ci jamonoy Ibraayma, maanaam ñeenti téeméeri at laata Aaróonaa doon ab sarxalkat. * **111.3** ***teddnga*** mooy teraanga ju bare lool.

6 Ku jub du tërëf mukk,
te dees na ko fàttaliku ba fàww.
7 Du ragal dég-dég bu tiis,
xel ma day dal, mu wóolu Aji Sax ji,
8 fit wa toog, du ragal,
ba kera muy gis noonam jóoru.
9 Moo yéwén ci li muy may néew-doole yi,
njekkam sax dàkk,
dooleem di yokku, ànd ak daraja.
10 Soxor bi da koy gis, mer,
iñaan bay yéyu, jeex tàkk;
nde soxor, yaakaar ju tas rekk.

# 113

*Buur Yàllaay walloo*

1 Màggalleen Ki Sax!
Yeen ñiy jaamu Aji Sax ji, màggalleen ko,
màggalleen turu Aji Sax ji!
2 Yal nañu teral turu Aji Sax ji
tey ak ëllëg!
3 Li dale penku ba sowu,
màggalleen Aji Sax ji.

4 Aji Sax jee kawe, tiim xeetoo xeet,
darajaam sut asamaan!
5 Ana ku mel ni sunu Yàlla Aji Sax ji,
ki kaweel ab jalam, toog,
6 di jéer asamaan ak suuf?

7 Mooy yékkatee ku néewle fa suuf,
di seppee ku sonn cib sën,
8 bokkal ko jataayu kilifa
ya jiite xeetam.
9 Mooy dëël jigéen ju tële woona jur,
may ko mbégtem njureel.
Màggalleen Ki Sax!

# 114

*Yàllaay walloo dooleem*

1 Ba Israayil bàyyikoo fa Misra,
ba waa kër Yanqóoba dëddu askan woowu
di làkk,
2 ca la Yuda doon kër Aji Sax ji,
giirug Israayil googu doon ab jagleem.

3 Géej gaa leen gis, daw,
dexu Yurdan a deltu gannaaw,
4 tund yu mag yiy curpi niy kuuy,
di curpeendook tund yu ndaw yi niy
mbote.
5 Moo géej, loo xewle bay daw?
Yaw, dexu Yurdan, looy deltu gannaaw?
6 Tund yu mag yee, lu ngeen di curpi niy
kuuy?
Yeen, tund yu ndaw yi, lu ngeen di curpi
niy mbote?

7 Suufee, loxalal Boroom bi,
Yàllay Yanqóoba mii,
8 ki soppaliw doj ndox mu taa,
xeer wu ne sereŋ, mu def bëtu ndox.

# 115

*Ku wóolu Yàlla barkeel*

1 Bu muy nun, Aji Sax ji, bu muy nun,
saw tur nga wara teral,
ngir sa ngor ak sa worma.
2 Bu yéefar yi ne mukk:
«Moo ñii, ana seen Yàlla?»
3 Te yaw sunu Yàlla, yaa ngi asamaan,
di def lu la soob.
4 Seeni tuur xaalis laak wurus,
loxoo ko sàkk:
5 am gémmiñ te du wax,
ami gët te du gis,
6 ami nopp, du dégg,
am bakkan, du xeeñtu,
7 ami loxo it te du yég,
ami tànk it te du dox,
du xàddamiku sax.
8 Ñi sàkk yii tuur, yal nañu mel ni ñoom,
ñook ñi leen wóolu ñépp.

9 Éy Israayil, wóolul Aji Sax ji,
moo lay jàppale, di la aar.
10 Yeen waa kër Aaróona, wóoluleen Aji Sax
ji,
moo leen di jàppale, di leen aar.
11 Yeen ñi ragal Aji Sax ji, wóoluleen Aji Sax
ji,
moo leen di jàppale, di leen aar.

12 Aji Sax jee nuy bàyyi xel, di nu barkeel,
di barkeel kër Israayil,
di barkeel kër Aaróona.
13 Aji Sax jeey barkeel ku ko ragal,
mag ak ndaw.

14 Yal na leen Yàlla ful,
ful seeni doom.
15 Yal nangeen barkeelu ci Aji Sax ji,
Ki sàkk asamaan ak suuf.

16 Asamaan, asamaanu Aji Sax jee,
suuf la dénk doom aadama.
17 Du ku dee mooy màggal Ki Sax,
du kenn ku tàbbi réewum tàbbi-selaw!
18 Nun, nooy sargal Ki Sax,
tey ak ëllëg.
Màggalleen Ki Sax!

# 116

*Ma sant Yàlla mi ma xettali*

1 Maa bëgg Aji Sax ji: maa ko woo,
dagaan ko, mu dégg ma.
2 Teewlu na ma moos,
dama koy woo li feek may dund.
3 Buumi dee a ma laawoon,
njàqarey njaniiw dab ma,
ma dajeek naqar aku tiis.
4 Ma woo Aji Sax ji wall, ne ko:
«Ngalla Aji Sax ji, xettali ma!»
5 Aji Sax jeey boroom yiw ak njub,
sunu Yàllaay boroom yërmande.
6 Aji Sax jeey aar ku xamul àddina;
tumurànke woon naa, mu wallu ma.
7 Bu ma yeboo sama xel dal,
Aji Sax ji baaxe na ma!

8 Xettali nga ma, ba deewuma,
jàppale ma, ba tërëfuma,
feral nga it samay rongooñ.
9 Damay topp Aji Sax ji
ci biir réewum aji dund ñi.
10 Ba ma wax: «Torox naa ba toskare,»
teewul may ànd ak ngëm.
11 Maa jàqoon ba naan:
«Ñépp ay fen-kat lañu!»
12 Ana lu may njukkale Aji Sax ji,
li mu ma baaxe lépp?
13 Xanaa ma yékkati kaasu Aji Sax
jiy misaal wallam,
te may tudd turam.
14 Samay digeek Aji Sax ji laay matal
fi kanam ñoñam ñépp.

15 Wóllërey Aji Sax ji,
deewam day doon lu muy naqarlu.
16 Aji Sax ji, maay sab jaam,
maay sab jaam, di sa doomu jaam bi ma
sukk jur.
Yaa yiwi samay buum,
17 yaw laay sarxalal saraxu cant,
woo la ci sa tur, Aji Sax ji.
18 Samay digeek Aji Sax ji laay matal
fi kanam ñoñam ñépp,
19 fi ëtti kër Aji Sax ji,
fi digg Yerusalem.
Màggalleen Ki Sax!

# 117

*Na ñépp ànd ak Israayil sant Yàlla*

1 Yeen xeetoo xeet, màggalleen Aji Sax ji,
réewoo réew, kañleen ko.
2 Moo nu xéewale ngoram gu réy,
te wormay Aji Sax jee sax dàkk.
Màggalleen Ki Sax!

# 118

*Aji Sax jeek man, ma daan*

1 Santleen Aji Sax ji, kee baax,
kee saxoo ngoram!
2 Rikk Israayil, neleen:
«Kee saxoo ngoram!»
3 Rikk waa kër Aaróona, neleen:
«Kee saxoo ngoram!»
4 Rikk yeen ñi ragal Aji Sax ji, neleen:
«Kee saxoo ngoram!»

5 Ci xat-xat laa woowe Ki Sax wall,
Ki Sax wuyu ma, yaatal ma.
6 Aji Sax jeek man, duma tiit.
Ana lees ma manal?
7 Aji Sax jeek man, di ma dimbali,
may seetaan bañ yi.
8 Làqoo Aji Sax jee gën
wóolu doom aadama.
9 Làqoo Aji Sax jee gën
wóolu garmi.
10 Yéefar yépp a ma sam,
ma bëmëx leen ci dooley Aji Sax ji.
11 Ñu sam maa sam;
ma bëmëx leen ci dooley Aji Sax ji.
12 Naka lañu ma sam niy yamb,
jekki ne kamaj ni taalu boob;
ma bëmëx ci dooley Aji Sax ji.
13 Dees maa jañax, jañax, ma ter-teri,
Aji Sax ji dimbali ma.

14 Sama doole, sama kaaraange, Ki Sax a;
te mooy sama wall tey.
15 Ndam aki sarxolle ca xaymay ñu jub ña,
ndijooru Aji Sax jee def njàmbaar!
16 Ndijoor la Aji Sax ji xàcc,
ndijooru Aji Sax jee def njàmbaar.

17 Duma dee moos, xanaa dund,
ba nettali jaloorey Ki Sax.
18 Ki Sax mbugal na maa mbugal,
waaye waccu ma, ma dee.
19 Ubbilleen ma bunti ñi jub,
ma dugg santi Ki Sax.

20 Buntu Aji Sax jaa ngii;
ñu jub ñee ciy dugge.
21 Dama lay sant, yaa ma nangul,
wallu ma tey.
22 Doj wi tabaxkat yi beddi woon,
moo mujj di doju koñu tabax bi.
23 Lii de, Aji Sax jee ko def,
nu gis ko, yéemu.
24 Bésub tey jii, Aji Sax jee ko sos,
nan ko bége, bànneexoo ko.
25 Ngalla Aji Sax ji, wallu nu.
Ngalla Aji Sax ji, may nu ndam.
26 Na barke wàcc ci ki dikk ci turu Aji Sax ji.
Nu ngi leen di ñaanale fi néegu Aji Sax ji.
27 Aji Sax jee di Yàlla, di nu leeral.
Jëlleen car yi, màggale,
te dox ba ca béjjéni sarxalukaay ba.
28 Yaa di sama Yàlla, ma di la sant;
céy sama Yàlla, dama lay kañ.
29 Santleen Aji Sax ji, kee baax,
kee saxoo ngoram.

# 119

*Aji Sax ji, sa kàddu laay bége*

1 Ndokkalee yaw mi màndu,
di wéye yoonu Aji Sax ji.
2 Ndokkalee yaw miy wattu kàdduy seedeem,
di ko toppe sa léppi xol.
3 Doo def njubadi,
waaye dangay topp fi mu la jaarloo.
4 Aji Sax ji, yaa joxe sa tegtal
yi ñu wara topp a topp.
5 Yal naa saxoo
di sàmm sa dogali yoon,
6 di teewlu loo santaane,
ba duma rus.
7 Damay gëstu sa ndigal yu jub,
di la sante xol bu dëggu.
8 Sa dogali yoon laay sàmm;
ngalla bu ma wacc a wacc.

9 Ana nu ndaw mana sellalee?
Xanaa di sàmm sa kàddu.
10 Sama léppi xol laa lay toppe,
bul ma wacc, ma wàcc say santaane.
11 Sama xol laa làq say wax,
ngir bañ laa moy.
12 Jaajëfe, yaw Aji Sax ji,
jàngal ma sa dogali yoon.
13 Maa àddu, tari
mboolem lu sa kàddu digle.
14 Topp say tegtal laay bége
mbégtem jépp alal.
15 Say tegtal laay jàngat,
di teewlu say xàll.
16 Sa dogali yoon, ma tàqamtikoo,
sa kàddu, ma fat ba fàww.

17 Sang bi, baaxe ma, ma dund,
ba mana sàmm sa kàddu.
18 Ngalla muril saay gët, ma niir
sa kéemaani yoon.
19 Doxandéem laa fi kaw suuf,
bu ma làq say santaane.
20 Fu ma tollu maa ngi namm say ndigal
ba sama xol ŋiis.
21 Rëbb nga ñu reew, ñu alku,
ñiy dëddu say santaane.
22 Musal ma ciy kókkaleeki xaste,
maa ngi topp sa kàdduy seede.
23 Te it kàngam yaa ngi may tooge,
te may gëstu sa dogali yoon, Sang bi.
24 Sa kàdduy seede laay safoo,
ñuy sama xejj yi may xelal.

25 Maa ngi ne ñàyy ci pënd bi,
musal ma, yaa ko dige.
26 Wax naa la samay jaar-jaar, nga wuyu ma;
ngalla xamal ma sa dogali yoon.
27 Dégtal ma li sa tegtal yiy firi,
ma jàngat say kéemaan.
28 Naqaru xol sonal na ma,
may ma ndëgërlaay, yaa ko dige.
29 Sorele maak yoonu fen,
te baaxe ma saw yoon.
30 Yoonu worma laa tànn,
jàkkaarlook say ndigal.
31 Éy Aji Sax ji, damaa langaamoo sa kàdduy seede,
ngalla bu ma rusloo.
32 Ci sa yoonu santaane laay wéy,
yaa may may xol bu tàlli.

33 Aji Sax ji, xamal ma li sa dogali yoon yiy firi,
ma topp ko ba mu jeex.
34 May ma dég-dég, ma topp saw yoon,
toppe ko xol bu tàlli.
35 Jiite ma ci sa xàllu santaane yi,
mooy sama bànneex.
36 Joyantil sama xol, mu féeteek sa kàdduy seede,
te dummóoyu alal ju lewul.
37 May ma, ma fénanti caaxaani neen,
te musale ma say yoon.
38 Sang bi, sottalal ma sa dige
bi nga digook ku la ragal.
39 Moyale ma gàcce gi ma ragal;
yaa baaxi ndigal.
40 Maaka namm say tegtal,
musale ma sa njub!

41 Aji Sax ji, yaa ko dige,
dikke ma sa jëfi ngor ak sa wall,
42 ba ku ma kókkali, ma am tontam.
Maa doyloo sa kàddu.
43 Bu ma xañ mukk kàddug dëgg,
say àtte laa yaakaar kat.
44 Maay topp saw yoon, sàlloo ko,
saxoo ko ba fàww,
45 di daagoo sago,
nde say tegtal laay sàkku.
46 Maay àgge ay buur sa kàdduy seede,
te duma rus.
47 Maay bége sa santaane
yi ma sopp,
48 di yóotu sa santaane yi ma sopp,
di jàngat sa dogali yoon.

49 Bàyyil xel li nga ma dig, Sang bi;
moom laa yaakaar.
50 Lii laay muñe samaw naqar,
sa kàddoo may dundal.
51 Nit ñu bew ñi ñaawal nañu ma lool,
waaye dëdduwuma saw yoon.
52 Éy Aji Sax ji, damaa fàttaliku sa àtte ya woon,
daldi muñ.
53 Sama xol daa fees ndax ñu bon
ñiy wacc saw yoon.
54 Sa dogali yoon laay woyantoo,
fu ma mana sance.
55 Aji Sax ji, tudd naa la guddi,
di sàmm saw yoon.
56 Lii laa séddoo,
maa topp sa tegtali yoon.

57 Aji Sax ji, yaw laa séddoo;
di digee sàmm sa kàddu.
58 Sama léppi xol laa sàkkoo saw yiw,
ngalla baaxe ma, yaa ko dige.
59 Damaa seetlu sama jëfin,
dëpp, topp sa kàdduy seede.
60 Maa ngi gaawtu,
yeexewuma say santaane moos!
61 Buumi ñu bon ñaa ngi may laaw,
te sàgganewuma saw yoon.
62 Xaaju guddi laay jóg,
di la sante sab àtte.
63 Maa xejjoo képp ku la ragal,
tey topp say tegtal.
64 Aji Sax ji, sa ngor dajal na àddina;
xamal ma sa dogali yoon.

65 Aji Sax ji, def nga la nga dige woon,
Sang bi, defal nga ma ngëneel.
66 Xamal ma ngëneeli àtte ak xam-xam,
maa doyloo say santaane.
67 Maa jàddoon, nga duma ma,
léegi sa kàddu laay sàmm.
68 Yaaka baax tey baaxe;
rikk xamal ma say tegtal.
69 Ñu bew ñee yàq sama der aki sos,
te ma topp say tegtal ak sama léppi xol.
70 Ñu ngi nii, seeni xol dërkiis;
te man may tàqamtikoo saw yoon.
71 Ngëneel la ma duma yi jural,
ngir jànge naa ci say tegtal.
72 Sa ngëneelu yoon wi nga digle
moo ma gënal ay junniy dogi xaalis ak wurus.

73 Say loxoo ma sàkk, tabax ma,
may ma ag dégg, ma mokkal say santaane,
74 ñi la ragal gis ma, bég;
nde sa kàddu laa yaakaar.
75 Aji Sax ji, ràññee naa ne say àtte dëgg la,
te worma nga ma dumaa.
76 Ngalla dëfale ma sa ngor;
Sang bi, yaa ko dige.
77 Nanga ma ganesee sa yërmande, ma dund;
saw yoon ay sama bànneex!
78 Yal na ñu bew ñi torox,
ñoo ma lor ak seeni sos,

te man may gëstu say tegtal.
79 Yal na ku la ragal waññiku fi man,
ba xam sa kàdduy seede.
80 Yal naa toppe say tegtal xol bu mat sëkk,
ba duma rus.

81 Sàkku naa sag wall ba xol jeex,
di xaar sa kàddu.
82 Séentu naa sab dige, ba gët giim;
kañ nga may xettali?
83 Damaa mujj ras ni mbuusum der mu saxaar jàpp,
waaye sàgganewuma say tegtal.
84 Ñaata fan laay toogati, Sang bi?
Kañ ngay mbugal ñi ma topp?
85 Ñu bew ñi gasal nañu ma ay yeer yu saw yoon diglewul.
86 Sa santaane yépp worma la;
te dees maa toppey sos, wallu ma!
87 Nes tuut ñu sànke ma fi kaw suuf,
te man dëdduwuma say tegtal.
88 Musale ma sa ngor,
ba jëfe sa kàdduy seede.

89 Aji Sax ji, sa kàddoo sax dàkk,
taxaw jonn fa asamaan.
90 Sa worma, ba maasoo maas,
yaa samp suuf, saxal ko.
91 Ci sa ndigal la lépp taxawe ba tey,
lépp ànd, di la jaamu.
92 Su ma bégewuloon saw yoon,
sànkoo sama toskare ji.
93 Duma fàtte mukk say tegtal,
ci nga may musale.
94 Yaa ma moom, wallu ma;
say tegtal laay sàkku.
95 Man la ñu bon ñi tëru, nar maa sànk,
waaye sa kàdduy seede laay niir.
96 Gis naa ne lu mat lu ne am na kemu,
waaye sa santaane mat ba wees kemu.

97 Maaka sopp saw yoon,
di ko jàngat bés bu jot.
98 Li ma xelal ba ma raw noon yi,
mooy sa santaane yi ma jagoo fàww.
99 Maa gëna ñaw képp ku may jàngal,
nde sa kàdduy seedeey sama njàngat.
100 Maa ëpp mag ñi dég-dég,
nde say tegtal laa topp.
101 Luy yoon wu aay, ma moyu,
ba mana sàmm sa kàddu.
102 Say santaane it dëdduwuma ko,
nde yaw yaa ma jàngal.
103 Sa kàddooka maa neex,
ba dàqal ma tem-temu lem!
104 Ci say tegtal laay ràññee,
ba tax ma bañ luy yoonu fen.

105 Sa kàddu laay niitoo samay tànk,
muy leeral samaw yoon.
106 Giñ naa te di ko dëggal,
ne dinaa sàmmonteek say àttey dëgg.
107 Toskare naa lool;
éy Aji Sax ji, musal ma, yaa ko dige.
108 Aji Sax ji, rikk nangul ma kàdduy cant yi ma lay jébbal,
te xamal ma say ndigal.
109 Sama bakkan ci xott saa su ne,
waaye fàttewuma saw yoon.
110 Ñu bon ñi ma gasalum pax
taxul ma wàcc say tegtal.
111 Maa séddoo fàww sa kàdduy seede,
loolooy seral sama xol.
112 Damaa dogoo jëfe sa dogali yoon,
saxoo ko ba mu jeex.

113 Maa bañ kuy ŋarale,
maa sopp saw yoon.
114 Sama rawtu, sama kiiraay, yaw a;
sa kàddu laay xaar.
115 Yeen ñiy def lu bon, xiddileen ma,
ba ma sàmmonteek sama santaaney Yàlla.
116 Yaa ko dige, dooleel ma, ma dund;
bul tas sama yaakaar.
117 Kàttanal ma, ma raw,
di yittewoo say tegtal, ba fàww.
118 Yaay xarab képp ku wàcc sa dogali yoon,
ay pexeem neen.
119 Yaay tonni ni purit képp ku bon fi kaw suuf,
moo tax ma sopp sa kàdduy seede.
120 Sama yaram a ngi daw ndax ragal la,
ragal say àtte.

121 Def naa njubte, def njekk;
bu ma jébbal ñi may néewal.
122 Sang bi, gàddu ma, ma am jàmm,
bu ma ñu bew ñi néewal.
123 Séentu naa sag wall ak sa kàddug dëgg,
ba saay gët giim.
124 Sang bi, jëfeel ma sa ngor,

xamal ma sa dogali yoon.
125 Sab jaam laa, may ma, ma ràññee,
ba xam sa kàdduy seede.
126 Aji Sax ji, jëf jot na,
ñee ngi jalgati saw yoon!
127 Maa sopp say santaane,
mu gënal ma wurus ba ci wurusu ngalam.
128 Moo tax foo tegtale, ma rafetlu,
lépp luy yoonu fen, ma bañ.

129 Sa kàdduy seede kéemaan la,
moo tax ma di ko toppe xol.
130 Sa pirim kàddu day leeral,
di xelal ku xeluwul.
131 Damaa ŋa ŋafeet, di àppaat,
ngir namm say santaane.
132 Éy geesu ma te baaxe ma,
ni nga baaxook ñi sopp sa tur.
133 Dooleelal ma samay tànk, yaa ko dige,
te bu ma lenn lu bon man.
134 Jot ma ci nooteelu doom aadama,
ma mana topp say tegtal.
135 Sang bi, geesoo ma sag leer,
te xamal ma sa dogali yoon,
136 ay wali rongooñ ay wale saay gët,
ndax sàmmeesul saw yoon.

137 Aji Sax ji, yaaka jub,
te say àtte di yoon.
138 Yaa santaane sa kàdduy seede ci dëgg
ak kóllëre gu yaa.
139 Damaa gis bañ yiy sàggane say wax,
xol bu tàng di ma rey.
140 Sang bi, maaka sopp sa kàddu
gi set ni weñ gu ñu xelli!
141 Ñàkk naa solo, faaleesu ma,
waaye sàgganewuma say tegtal.
142 Sa àtte moo di àtte ba fàww,
te saw yoon a dëggu.
143 Njekkar ak njàqare dab ma,
say santaane di sama bànneex.
144 Sa kàdduy seedee di dëgg ba fàww,
may ma, ma ràññee, ba dund.

145 Aji Sax ji, woo naa la wall lu ma man,
wuyu ma, ma topp sa dogali yoon.
146 Dama ne: «Wóoy, wallu ma,
ma sàmm sa kàdduy seede.»
147 Damaa jëlu, di la woo,
di xaar sa kàddu.
148 Damay xoole guddi gépp,
di jàngat sa kàddu.
149 Aji Sax ji, sama baat bii, teewloo ko sa
ngor,
te musal ma ni nga baaxoo muslee.
150 Rabatkati pexe yaa ngi jegesi,
di nit ñu sore saw yoon.
151 Waaye yaw Aji Sax ji, jege nga,
te sa santaane yépp a dëggu.
152 Yàgg naa xam ne sa kàdduy seede
wax la joo saxal dàkk.

153 Xoolal sama coono te xettali ma;
saw yoon déy, sàgganewuma ko.
154 Àtte ma, ba jot ma;
musal ma, yaa ko dige.
155 Ku bon sore sa wall,
ngir sàkkuwul sa dogali yoon.
156 Aji Sax ji, sa yërmande yaa na;
musal ma ni nga ko baaxoo.
157 Ñi ma topp ak ñi ma baña bare,
te taxul ma dëddu sa kàdduy seede.
158 Damaa gis workat yi, sib leen;
ñoo sàmmul sa kàddu.
159 Seetlul ni ma soppe say tegtal.
Éy Aji Sax ji, musal ma, yaa gore!
160 Sa mboolem kàddu dëgg la,
sa àtte yépp di dëgg, sax dàkk.

161 Ay kilifaa ma topp ci dara,
te teewul ma wormaal sa kàddu.
162 Man de, maa ngi bége sa kàddu
ni ku for alal ju bare.
163 Fen, ma bañ, ba sib;
sa yoon, ma sopp.
164 Juróom ñaari yoon ci bés
màggale naa la ko say àttey dëgg.
165 Jàmm ju baree ñeel ku sopp sa yoon,
te dara du ko fakkastal.
166 Aji Sax ji, sa wall laa yaakaar,
say santaane laa jëfe.
167 Sama xol laa toppe sa kàdduy seede,
te sopp koo sopp.
168 Damaa topp say tegtal ak sa kàdduy
seede,
fépp fu ma jaar kay yaa ngi ciy gis.

169 Aji Sax ji, yal na sama yuux àgg fa yaw;
may ma, ma ràññee, yaa ko dige.
170 Yal na sama dagaan àgg fa yaw;
xettali ma, yaa ko dige.
171 Naa xaacu, woyal la,

yaa may jàngal sa dogali yoon.
172 Naa woye sa kàddu,
loo santaane, yoon la.
173 Yal nanga ma dikke ndimbal,
say tegtal laa tànn.
174 Aji Sax ji, namm naa sa wall,
sa yoon ay sama bànneex.
175 Yal naa dund ba màggal la,
say ndigal di sama ndimbal.
176 Lajj naa ni xar mu réer;
gindi ma, Sang bi,
sàgganewuma say santaane de!

# 120

*Ma ñaan ci biir tuuma*
1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Ci sama njàqare laa woo Aji Sax ji wall,
mu wuyu ma.
2 Éy Aji Sax ji, musal ma ci gémmiñu
fen-kat,
ak làmmiñu njublaŋ.
3 Yaw boroom làmmiñu njublaŋ,
ana lu ñu lay añale
ak lu ñu lay dolli?
4 Xanaa fitti mbër yu ñaw
ak xal yu yànj.

5 Wóoy man mi ganeyaani baadooloy
Meseg ya
tey dali fa xaymay waa Kedar ñu xayadi
ña!
6 Yàgg naa lool
ci biir nit ñi bañ jàmm.
7 Man may wut jàmm,
te su ma waxee, ñoom ñuy ayoo.

# 121

*Ana ku may sàmm?*
1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Damaa séentu tund ya,
te naan fu wall di jóge?
2 Sama wall a nga fa Aji Sax ji,
Ki sàkk asamaan ak suuf.

3 Kii du la bàyyi nga tërëf,
sa sàmm bii gëmmul.
4 Kiy sàmm Israayil kay
gëmmul, nelawul.
5 Aji Sax jee lay sàmm,
Aji Sax jee lay yiir,
féete la ndijoor.

6 Du naaj wu lay dal bëccëg,
mbaa leer gu ndaw guddi.
7 Aji Sax jee lay sàmm ci gépp loraange,
di sàmm sa bakkan.
8 Aji Sax jee lay sàmm, dem ak dikk,
tey ak ëllëg.

# 122

*Nu ñaanal Yerusalem*
1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla, ñeel Daawuda.

Maaka bég, ba ñu ma nee:
«Kër Aji Sax ji lanu jëm.»
2 Yaw Yerusalem, noo ngii taxaw ci sa
bunt.

3 Céy, Yerusalem, dëkkub tabax bu baax
bi booloo, di benn.
4 Fii la giiri Israayil di yéegsi,
di giir yi Ki Sax séddoo.
Ñu ngi santsi Aji Sax ji,
ni ko Israayil warloo.
5 Fii la ngànguney Israayil tege,
askanu Daawuda toog ca, di àtte.

6 Dagaanleen jàmmi Yerusalem:
«Yerusalem, yal na sa xeli soppe dal,
7 jàmm ne ñoyy fi say tata wër,
te xel dal ci biir këri Buur.»
8 Mbokk ak xarit a waral
may ñaan jàmmi Yerusalem.
9 Sunu kër Yàlla Aji Sax jee ma tax
di sàkku ngëneelu Yerusalem.

# 123

*Yàlla, fajal nu gàcce*
1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Yaw laay séentu,
yaw mi toog fa asamaan.
2 Ma ne, ni jaam bu góor di wékke sangam
bët,
jaam bu jigéen di ko wékke bët sangam bu
jigéen,

ni lanuy wékke sunu Yàlla Aji Sax ji bët,
ba keroog mu baaxe nu.

3 Éy Aji Sax ji, baaxe nu, rikk baaxe nu,
dañu noo toroxal, ba nu ne tott.
4 Ñu reew ñaa ngi nuy ñaawal, sunu xol fees,
ñu bew ñaa ngi nuy sewal.

# 124

*Nanu sante Aji Sax ji wallam*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla, ñeel Daawuda.

Éy su dul woon ak Aji Sax ji nu nekkal!
Israayiloo, waxati ko:
2 su dul woon ak Aji Sax ji nu nekkal,
ba ñu nu jógalee,
3 ba nit ña xadaroo sunu kaw,
dañu nu doon wann, nuy dund,
4 dañu nu doon mëdd nim ndox,
defum wal, buub nu,
5 def waame wuy wal-wali,
buub nu, yóbbu.

6 Cant ñeel na Aji Sax ji,
ki nu bàyyiwul, noon yi yàpp nu.
7 Danu ne fërr, nim picc mu rëcc fiiru rëbb,
fiir ga toj, nu raw.
8 Sunu ndimbal a ngi ci turu Aji Sax ji,
Ki sàkk asamaan ak suuf.

# 125

*Ku doyloo Aji Sax ji raw*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Ku doyloo Aji Sax ji,
dangay mel ni tundu Siyoŋ, doo toxu;
dangay sax ba fàww.
2 Ni tund yi yéewe Yerusalem,
ni la Aji Sax ji yéewe ñoñam,
tey ak ëllëg.

3 Nguur gu bon du saxe
kaw suuf su nit ñu jub muurloo.
Lu ko moy ñu jub ñi sàkku lu bon,
di ko jëfe.

4 Éy Aji Sax ji, baaxeel ku baax,
ak kuy mébét njub.
5 Waaye kuy topp yoonu ndëngte,
Aji Sax jee koy sànk,
boole kook kuy def lu bon.
Yal na jàmm dal ci Israayil.

# 126

*Yàlla, delloo nu*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Ba Aji Sax ji delloo waa Siyoŋ seen réew,
danoo meloon ni ñuy gént,
2 di reeka sarxolle rekk.
Yéefar yi naa:
«Lu réy la Aji Sax ji defal ñii.»
3 Lu réy la nu Aji Sax ji defal moos,
nu bég.

4 Aji Sax ji, rikk delloo nu na woon,
ni ngay delloo wal yu ŋiis, mu walaat ca àllub Negew.
5 Kuy ji di jooy,
yal na góob, di sarxolle.
6 Ku doon wéy a wéy, di jooy;
yor mbuusum jiwoom,
yal na dikk a dikk, di woy,
ñibbiwaale sabaaram.

# 127

*Barkeb Yàllaa wóor*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla, ñeel Suleymaan.

Këր, su ko Aji Sax ji tabaxul,
ku ko tabax, neen nga doñ-doñi.
Ab dëkk, su ko Aji Sax ji wattuwul,
ku ko wattu, neen nga teewlu.
2 Neen it la nit di teela jóg
aka guddee tëdd,
di doñ-doñi lu mu lekk:
Aji Sax ji leel na soppeem lu ni day,
fekk ko muy nelaw.

3 Ma ne, doom Aji Sax jee koy sédde,
njurum doom yool la.
4 Doom joo jure ndaw,
mooy fitt ci loxol jàmbaar;
5 ndokkalee ku ci mbuusam fees,
ba bu ñu taseekub noon ca pénc ma,
duñu am gàcce mukk.

# 128

*Ragal Yàlla, jàmmi kër*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko màggale Yàlla.

Ndokkalee képp ku ragal Yàlla,
di jëfe ay yoonam.
2 Yaay lekk saw ñaq,
mbégteek ngëneel ñeel la.
3 Sa jabar ni garab gu meññ ci sa kër,
say doom wër a wër sa ndab ni njëmbat lu jebbi.
4 Ki ragal Aji Sax jaa ngoog,
nii rekk lay barkeele.

5 Yal na la Yàlla barkeele fii ci Siyoŋ;
yal nanga teewe xéewalu Yerusalem sa giiru dund gépp,
6 te nga gis say sët.
Yal na jàmm dal Israayil.

# 129

*Noon manul Israayil*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko màggale Yàlla.

Ba may ndaw ba tey, ñu ngi may sonal a sonal.
Israayiloo, waxati ko:
2 Ba may ndaw ba tey, ñu ngi may sonal a sonal,
te taxul ñu man ma.
3 Sama gannaaw gi lañu gàbb a gàbb,
rëdd koo rëdd nib tool.
4 Waaye àtteb Aji Sax ji mooy dëgg,
dog na buumi ñu bon ña.

5 Képp ku noonoo Siyoŋ,
yal nañu ko dëpp, gàcceel ko.
6 Yal nañu mel ni ñax mu saxem xadd,
balaa law, lax.
7 Du doyub ŋëb ku ko dog;
du doyub say ku ko for.
8 Ku fa jaare it du ko ne:
«Jaajëf, Aji Sax ji barkeel;
jaajëfe yaw, yal na Aji Sax ji barkeel.»

# 130

*Nu séentu njotug Yàlla*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko màggale Yàlla.

Aji Sax ji, ci ay xóote laa lay woowe.
2 Boroom bi, déglu ma,
teewlu ma, ma tinu la.

3 Ki Sax, yaw, soo doon lim bàkkaar,
Boroom bi, ana kuy taxaw?
4 Waaye yaay jéggale,
ñu ragal la.

5 Damay xaar Aji Sax ji, di ko xaare xol,
di yaakaar kàddoom.
6 Wattukat bi yàkkamti njël,
wattukat bi yàkkamti njël, laa ne,
ni ma yàkkamtee Aji Sax jee ko raw.

7 Éey Israayil, négandikul Aji Sax ji.
Aji Sax jee gore,
te yaatug njot.
8 Mooy jot Israayil ci ñaawtéefam yépp.

# 131

*Damaa woyof, gëm Yàlla*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko màggale Yàlla, ñeel Daawuda.

Éy Aji Sax ji, man de, réy-réyluwuma,
daŋŋiiraluma,
xintewoowuma lu réy it,
mbaa lu ma ëlëm.
2 Xanaa ne tekk, ne cell,
ni perantal ak ndeyam;
sama xel dal ni perantal.
3 Éey Israayil, yaakaaral Aji Sax ji
tey ak ëllëg.

# 132

*Yàlla digoo naak ki mu fal*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko màggale Yàlla.

Éy Aji Sax ji, bàyyil xel Daawuda,
ak gépp njàqareem.
2 Moo giñaloon Aji Sax ji,
moo digook Mbërum Yanqóoba ma.
3 Mu ne: «Duma ñibbi,
4 duma tëddi ca sama kaw lal ba,
duma nelaw, duma gëmm sax bët,
5 li feek sàkkaluma Aji Sax ji béreb,
ba dëkkal Mbërum Yanqóoba ma.»
6 Ma ne, Efrata lanu dégg gaalu Yàlla ga,

fekk ko ca àll ya wër dëkku Yaar.
7 Nan dem ba këram,
sujjóotali ndëggastalu tànkam ya.
8 Aji Sax ji, jógal agsi sa dalluwaay,
yaak gaal gi jëmmal sa doole.
9 Say sarxalkat, yal nañu soloo njubte,
sa wóllëre yi sarxolleendoo.
10 Xoolal ci Daawuda, sa jaam ba,
ngalla bul gàntu ki nga fal.

11 Aji Sax ji daa giñal Daawuda
dëgg gu mu dul dëddu,
ne ko: «Ku jóge ci sa geño
laay teg ci sa jal,
12 te say doom, bu ñu sàmmee sama kóllëre,
ak sama kàdduy seede yi ma leen di xamal,
seeni doom it ñooy tooge sa jal ba fàww*.»
13 Aji Sax ji kat a tànn Siyoŋ,
taamu faa dëkke.
14 Mu ne: «Fii laay dalloo ba fàww,
fii laay dëkk, maa ko taamu.
15 Dund bi, ma barkeel a barkeel,
néew-ji-doole yi, ma reggal;
16 sarxalkat yi, ma wodde texe;
wóllëre yi di sarxollee sarxolle.
17 Fa laay dooleele Daawuda,
ni jum bu dul fey mukk, maay jafal
nguuru ki ma fal.
18 Ay noonam, ma wodde gàcce;
moom, kaalaam ne ràññ.»

# 133

*Bennoo, barkeel*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla, ñeel Daawuda.

Céy liika baax te neexati,
ay bokk yu bokk dëkk, di benn!
2 Daa neex ni diwu bopp gu xeeñ,
siite sikkim, bu mel ni sikkimu Aaróona,
rogalaat ba ci mbubbam,
3 neex ni layub tundu Ermon,
neex ni lay bu ni mel tey rogalaate tundi
Siyoŋ.
Fa la Aji Sax ji dogale barke,
muy dund, ba fàww.

# 134

*Way-ngëm ñaa ngi sant*

1 Di woy yu ñuy yéege ca tund ya, di ko
màggale Yàlla.

Ayca, santleen Aji Sax ji,
yeen jaami Aji Sax ji yépp,
yeen ñiy taxawe kër Aji Sax ji guddi.
2 Yékkatileen seeni loxo ca béreb bu sell ba,
te sant Aji Sax ji.

3 Yal na la Aji Sax ji barkeele fa Siyoŋ,
moom mi sàkk asamaan ak suuf.

# 135

*Lu Yàlla namm lay def*

1 Màggalleen Ki Sax!
Màggalleen turu Aji Sax ji,
éey jaami Aji Sax ji, màggalleen,
2 yeen ñi taxaw ci kër Aji Sax ji,
fi sunu biir ëttu Yàlla bi.
3 Màggalleen Ki Sax, Aji Sax jee baax!
Kañleen ko, kee sopplu!
4 Ki Sax a tànn Yanqóoba,
muy Israayil mi mu séddoo.

5 Maa xam ne Aji Sax ji màgg na!
Sunu Boroom a sut lépp lu ñuy jaamu.
6 Lépp lu Aji Sax ji namm,
moom lay def asamaan ak suuf,
ak biir géej ak xóote yépp.
7 Mooy yékkateey niir fa cati àddina,
sàkkal taw ay melax,
yebbee ngelaw cay dencam,
8 faat luy taaw fa Misra,
doom aadama, ba ci mala.
9 Yeen waa Misra, moo yónnee ay firndeeki
kéemaan fi seen biir,
ñeel Firawnaak jawriñam ñépp.
10 Moo duma ay xeeti xeet,
bóom buur yu mag yi,
11 muy Sixon buurub Amoreen ña,
ak Og buuru Basan,
ak buuri Kanaan yépp.
12 Moo nangu seen réew, séddale,
bànni Israayil ñiy ñoñam séddoo.

13 Aji Sax ji, sa tur ba fàww;
Aji Sax ji, sa woy a saxal maasoo maas.
14 Aji Sax ji kay ay àtte ñoñam ñi,

* **132.12** Seetal ci *2.Samiyel* 7.12-16.

di ñeewante jaamam ñi.
15 Tuuri yéefar yi, xaalis laak wurus,
loxoo ko sàkk.
16 Am gémmiñ te du wax,
ami gët te du gis,
17 ami nopp te du dégg,
du sax noowal bakkan.
18 Ñi sàkk yii tuur, yal nañu mel ni ñoom,
ñook ñi leen wóolu ñépp.
19 Éey waa kër Israayil, santleen Aji Sax ji!
Éey waa kër Aaróona, santleen Aji Sax ji!
20 Éey waa kër Lewi, santleen Aji Sax ji!
Yeen ñi ragal Aji Sax ji, santleen Aji Sax ji!
21 Nañuy sant Aji Sax ji ci Siyoŋ,
moom mi dëkke Yerusalem.
Màggalleen Ki Sax!

# 136

*Yàllaa am kóllëre*

1 Nangeen sante Aji Sax ji mbaaxam.
Kee saxoo ngoram!
2 Santleen Yàllay yàlla yi.
Kee saxoo ngoram!
3 Santleen Sangu sang yi.
Kee saxoo ngoram!

4 Moo wéetoo jaloore yu mag yi.
Kee saxoo ngoram!
5 Moo sàkk asamaan ci manooreem.
Kee saxoo ngoram!
6 Moo lal suuf ca kaw ndox ma.
Kee saxoo ngoram!
7 Moo sàkk leer yu mag yi:
Kee saxoo ngoram!
8 jant bi yilif bëccëg,
Kee saxoo ngoram!
9 weer ak biddiiw, guddi.
Kee saxoo ngoram!

10 Moo faat taawi Misra yu góor ya,
Kee saxoo ngoram!
11 seppee bànni Israayil ca ñoom,
Kee saxoo ngoram!
12 ci dooley loxoom ak kàttanu përëgam.
Kee saxoo ngoram!
13 Moo xar géeju Barax ya ñaar,
Kee saxoo ngoram!
14 jàllale bànni Israayil ca digg ba.
Kee saxoo ngoram!
15 Moo xalab Firawnaak mbooloom ca
géeju Barax ya.
Kee saxoo ngoram!
16 Moo jiite ñoñam ca màndiŋ ma.
Kee saxoo ngoram!
17 Moo duma buur yu mag ya,
Kee saxoo ngoram!
18 bóom buur yu màgg ya,
Kee saxoo ngoram!
19 reyaale Sixon buurub Amoreen ña,
Kee saxoo ngoram!
20 reyati Og buuru Basan.
Kee saxoo ngoram!
21 Moo nangu seen réew, joxe,
Kee saxoo ngoram!
22 sédde Israayil ma dib jaamam.
Kee saxoo ngoram!

23 Ci biir nootaange la nu geesoo,
Kee saxoo ngoram!
24 ne nu siféet ci loxoy noon ya.
Kee saxoo ngoram!
25 Mooy leel bépp boroom bakkan.
Kee saxoo ngoram!
26 Santleen Yàlla mi ci asamaan!
Kee saxoo ngoram!

# 137

*Jooye nanu àll*

1 Ca tàkkal dexi Babilon,
foofa lanu daa toog,
fàttaliku Siyoŋ, jooy.
2 Ca garab ya
lanu daa wékk sunuy xalam.
3 Fa la nu sunuy sang daa woyloo,
noot nu, bëgg nu bégal leen,
naan: «Woyalleen nu ci woyi Siyoŋ.»
4 Moo! Nu nuy woye woyu Aji Sax ji
kaw suufas yéefar?
5 Éy Yerusalem, su ma la naree fàtte,
yal na ma doole dëddu!
6 Yerusalem, su ma la fàttalikuwul,
fonk la, ba gën laa bége lépp,
yal na sama làmmiñ tafoo sama denqleñ.

7 Aji Sax ji, fàttalikul Edomeen ña,
keroog jantub Yerusalem,
ba ñu naan: «Màbbleen a màbb,
ba suuf sa dëkk bi sampe siiñ!»
8 Yeen waa Babilon gi ñu nara fàllas,
ndokkalee ku leen fey jëf ja ngeen nu def!
9 Ndokkalee ku ne cas seeni fere,
tas ciw doj!

# 138

*Aji Sax ji waccu ma*

1 Ñeel Daawuda.

Ma sante la sama léppi xol,
woy la, gàngooru Yàlla ga ca kaw seede.
2 Ma sujjóot jublook sa kër gu sell gi,
di wormaal saw tur,
ngir sa ngor ak sa worma.
Màggal nga sa tur ak sa kàddu,
ba mu tiim lépp.
3 Bés ba ma wootee, yaa ma wuyu,
ñemeel ma, dooleel ma.

4 Aji Sax ji, na la buuri àddina yépp màggal,
ñoo dégg kàddu yi nga wax.
5 Nañu woy say jaloore, naan:
«Aji Sax jeeka màgg ndam!»
6 Aji Sax jee kawe!
Ku toroxlu, mu niir;
ku réy, mu ñooru.

7 Ma wéye njàqare,
nga musal ma,
dogalee sa loxo merum noon,
walloo ma sa ndijoor.
8 Aji Sax jee may feyul.
Éy Aji Sax ji, yaa saxoo ngor!
Bul wacc ñi nga binde sa loxo.

# 139

*Aji Sax jee ma xam, ba jeexal ma*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, ñeel
Daawuda, dib taalifu cant.

Aji Sax ji, yaa ma natt, xam ma;
2 yaa xam sama toogaay ak sama
taxawaay,
di ràññee fu sore samay xalaat,
3 di càmbar samab dox ak sama tëraay,
yittewoo lépp lu may def.
4 Aji Sax ji, bala maa wax baat,
ndeke yaw, xam nga lépp.
5 Kanam ak gannaaw nga ma dare,
teg ma sa loxo.
6 Ni nga ma xame daa yéeme,
xóot lool, ba wees ma.

7 Fu ma jëm, ba sore la?
Fu ma daw jëm, foo teewul?
8 Ma ñalgu ba asamaan, yaa nga fa!
Ma tëri njaniiw, ndeke yaa nga fa!
9 Ma war laafi njël,
dëkki wàllaa géej,
10 nga tettee ma fa ba tey,
téyee ma sa ndijoor.
11 Su ma noon: «Na ma lëndëm mëdd boog,
ba leer gi far guddil ma,»
12 du tax lëndëm lëndëmal la dara.
Guddi da laa leeralal ni bëccëg,
lëndëm dig leer fi yaw.

13 Yaa ma sàkkal xol ak xalaat,
ràbbe ma sama biiru ndey.
14 Naa la sante sama bind bu raglu bii te
yéeme,
say jalooree di kéemaan, bir na ma!
15 Sama jëmm jii umpu la,
ba muy bindu ci kumpa,
mel ni lu ñu ràbbe ci xóotey suuf.
16 Gis nga ma, ba ma diw lumb;
sa téere lim na fan yi nga ma àppal,
ba ca benn dooragul.
17 Yàlla, say xalaat aka maa yéem!
Ndaw lim bu réy!
18 Su ma ko doon wañ, moo ëpp feppi
suuf.
Maa ngii yewwu, nekk feek yaw ba tey.

19 Éy sama Yàlla, soo reyoon ñu bon ñii!
Yeen bóomkat yi, soreleen ma!
20 Ñii sa tur lañuy luubale,
noonoo la, di tudd sa tur ciy caaxaan.
21 Aji Sax ji, maaka bañ ñi la bañ
te sib ñi lay gàntal.
22 Dama leena bañ ba fa mbañeel yem;
samay noon dëgg lañu.

23 Yàlla, seetlu ma, ba ràññee sama xol;
natt ma, ba ràññee sama xalaati xol.
24 Xoolal ndax maa ngi doxe yoon wu aay,
te nga teg ma ci yoon wi sax.

# 140

*Ku ñu toŋal a ngi ñaan*

1 Mu jëm ci njiital woykat yi, dib taalifu
cant, ñeel Daawuda.

2 Éy Aji Sax ji, xettali ma ci ku bon,
musal ma ci nitu fitna,
3 kuy nas lu bon,
tey saxoo di sookey xare,

4 daas làmmiñam ni jaan,
guux daŋaru ñàngóor.
Selaw.

5 Éy Aji Sax ji, aar ma ci loxol ku bon,
musal ma ci nitu fitna,
ku may fexee fakkastal.
6 Ñu bew ñee ma làqali yeer,
lalal may buum aki caax,
feggal ma seeni fiir ci yoon wi.
Selaw.

7 Dama ne Aji Sax ji, yaay sama Yàlla;
Aji Sax ji, teewlul, ma dagaan la.
8 Aji Sax ji Boroom bi may walloo doole,
yaa ma yiir keroog bésub xare.

9 Aji Sax ji, bul may ku bon nammeelam,
bul matal pexeem, muy yékkatiku.
Selaw.
10 Ñi ma sam, yal na seen ayu làmmiñ
këppu ci seen kaw bopp.
11 Yal nañu këppoo xali sawara,
tàbbi ciy pax te dootuñu jóg.
12 Kuy yàq der, yàlla bumu toog ci réew mi.
Nitu fitna, yal na ko ay topp, ba dal ci
kawam.
13 Xam naa ne Aji Sax jeey jox néew-ji-doole
dëgg;
di sàmm àqu baadoolo.
14 Ku jëfe njekk kay moo lay sant;
ku jub dëkke saw yiw.

# 141

*Yàlla, sàmmal sama làmmiñ*
1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

Aji Sax ji, woo naa la, gaawe ma!
Bu ma lay woo, teewlu ma.
2 Yal nanga ma nangul samag ñaan
ni cuuraay lu ñu la taalal,
loxo yi ma la tàllal di saraxu ngoon soo
gërëm.

3 Aji Sax ji, sàmmal ma sama làmmiñ,
saytul ma sama kàddu.
4 Bu ma xiir ci lu aay,
may jëfe jëf ju bon,
ànd ceek ñiy jëf lu ñaaw,
di wàlli seeni bernde.
5 Kuy déggal Yàlla, man na maa dóor,
bantal ma ci ngor.
Loolu ngëneelu cuuraay la, duma ko bañ.
Waaye maa ngi saxoo ñaan pexey noon
moy.

6 Yal nañu fenqe seeni njiit ciw doj,
ba noon yi xam ne dëgg laa wax.
7 Ni ñuy gàbbe suuf ba mu ne ŋafeet,
ni la njaniiw di ŋaye,
aw seeni yax yu tasaaroo.

8 Aji Sax ji Boroom bi, yaw laa wékki gët,
yaw laa làqoo,
bu ma seetaan, ma dee.
9 Musal ma ci yeer yi ñu ma gasal,
ak fiir yi ma defkati ñaawtéef yi tegal.
10 Yal na ku bon tàbbi cig fiiram,
te man ma teggi, wéy.

# 142

*Aji Sax ji rekk a ma yég*
1 Dib taalifu yeete bu ñeel Daawuda, ba
mu nekkee ca xunt ma.

2 Ma àddu, ñaan Aji Sax ji;
àddu ca kaw, di tinu Aji Sax ji,
3 sippi ko sama tawat,
diis ko sama njàqare.
4 Bu ma yoqee,
ràññee nga samay jéego;
yoon wi may jaare
lañu ma làqal am yeer.
5 Ma geesu ndijoor, xool;
du kenn ku ma faale.
Rawtu réer ma,
du kenn ku sama bakkan saf.

6 Aji Sax ji, ma woo la wall;
ma ne, yaay sama kiiraay,
di sama séddoo fi kaw suuf.
7 Teewlul, ma ne wóoy,
damaa manatul,
xettali ma ci ñi ma topp,
dañu maa ëpp doole.
8 Ngalla génne ma fi ma tëje,
ma sant la.
Man la way-ngëm ñi di yéew ëllëg,
yaa may xéewale ab yool.

# 143

*Aji Sax jeey sama yaakaar*
1 Dib taalifu cant, ñeel Daawuda.

Éy Aji Sax ji, déglul, ma ñaan la;
teewlul, ma tinu la;
nangul ma ci sa wormaak sa àtteb dëgg.
2 Sang bi, bul layook man;
kenn jubul fi sa kanam, du kuy dund.
3 Noon a ma sambal,
daane ma, joggati,
dëël ma ci lëndëm
ni ku dee bu yàgg.
4 Sama doole jeex tàkk,
sama xol jeex, ma ne yàcc.
5 May fàttaliku bu njëkkoon,
di xalaat sa jaloore yépp,
seetaat li nga def.
6 Ma tàllal lay loxo,
soxla la, ni suuf su mar di soxlaa ndox.
Selaw.

7 Aji Sax ji, gaawal wuyu ma;
sama xol a jeex, ma ne yàcc,
bu ma xañ sa yiw,
ma yem ak kuy tàbbiji biir pax.
8 Xëye ma sa ngor,
yaw laa wóolu;
xamal ma fu may doxe,
yaw laa wékk sama bakkan.
9 Aji Sax ji, musal ma ci noon yi,
yaw laa làqoo.
10 Jàngal ma, ma jëfe sa coobare;
yaa di sama Yàlla.
Yal na ma sam xel jiitee mbaax
ci yoon wu tàlli.
11 Aji Sax ji, musal ma ngir sa tur,
jëfeel sa àtte, teggil ma njàqarey bakkan.
12 Sànkal ma noon yi ci sa ngor,
bóomal ma bépp mbañ.
Man de, maay sab jaam!

# 144

*Aji Sax ji, laggsil*
1 Ñeel Daawuda.

Cant ñeel na Aji Sax ji sama cëslaay,
mu di ma jàngal xeex,
di ma tàggat ci xare,
2 di sama wóllëre, di ma yiir,
di ma làq, di ma xettali,
di ma aar, ma di ko làqoo,
mu di ma nangulal ay xeet.
3 Aji Sax ji, luy nit, ba nga di ko ràññee?
luy doom aadama, ba nga di ko faale?
4 Nit ni ngelaw,
ay fanam di takkndeer, wéy.
5 Aji Sax ji, firil asamaan, wàcc;
laal tund yi, ñu saxaar.
6 Melaxal, falaxe noon yi;
fittal, ñu fëlxoo,
7 nga yóotoo ma fu kawe,
xettali ma, wallu ma ci doxandéem
yi def wali wal fi sama kaw,
8 di fen, di giñ ay fen.
9 Yàlla, naa la woyal woy wu yees,
xalamal la xalamu fukki buum.
10 Yaay may buur yi ndam,
yaa musal sa jaam ba, Daawuda, ci
saamar bu aay.
11 Musal ma, xettali ma ci loxol
doxandéem
yiy fen, di giñ ay fen.

12 Su boobaa sunu doom yu góor
màgge ndaw, ni gàncax gu mat sëkk;
sunuy janq jekk ni doji yatt yu ñu tabaxe
kër buur.
13 Sunuy sàq feese wirgoy wirgo,
sunuy gàtt jur junni,
ba fukki junni (10 000) ci parlu yi,
14 nag yi ëmb ba diis,
du mbas, du biir bu yàqu,
te deesu fi yuuxoo pénc ya.
15 Ndokkalee xeet wu am lii!
Ndokkalee xeet wu yàllawoo Aji Sax ji!

# 145

*Ma kañ Buur Yàlla*
1 Di woyu màggal, ñeel Daawuda.

Sama Yàlla, Buur bi, naa la màggal,
teral sa tur ba fàww.
2 Bésoo bés ma di la sant,
di màggal sa tur ba fàww!
3 Aji Sax jee màgg te jara màggal a màggal,
kii màggam amul kemu!

4 Na maasoo maas di màggal say jaloore,
di biral sa njàmbaarte.
5 Sa leeraayu ndam li ne ràññ,
ak sa jëf ju yéeme laay jàngat!
6 Sa dooley jëf ju raglu dees na ko jottali,
te sa màggaay maa koy yéene.
7 Sa mbaax gu réy, dees na ko tari,
te sag njubte, dees na ko woy.
8 Yiw ak yërmande, fa Aji Sax ji;

kee muñ mer te bare ngor!
9 Aji Sax jee baaxe ñépp,
di yërëm lu mu sàkk.

10 Aji Sax ji, lépp loo sàkk a lay gërëm,
sa wóllëre yi di la sant,
11 di tudd sa darajay nguur,
tey dégtale sag njàmbaar,
12 doom aadama xam say jaloore
ak sa darajay nguur gu màgg gi.
13 Sa nguur ay nguur gu sax dàkk,
sa kilifteef ñeel maasoo maas.

Aji Sax ji daa sàmm ay waxam,
gore ciy jëfam.
14 Ku daanu, Aji Sax ji wallu;
ku sëgg, mu siggil.
15 Ñépp a la wékk bët, di yaakaar,
te bu jotee, yaa leen di leel,
16 tàllal sa loxo,
reggal luy dund, ba xolam sedd.
17 Aji Sax ji, jëfinam jépp njekk la,
jëfam jépp ngor la.
18 Aji Sax ji, képp ku ko woo wall, mu jege la,
képp ku ko woo wall te muy dëgg.
19 Nammeelu ku ko ragal, mu sottal;
yuuxam, mu dégg, musal.
20 Aji Sax jeey sàmm kuy soppeem,
di sànk képp ku bon.
21 Naa sàlloo sant Aji Sax ji,
na luy dund saxoo dàkk di màggal sellaayu turam!

# 146

*Buur Yàllaa jara wóolu*

1 Màggalleen Ki Sax!
Naa màggale Aji Sax ji xol,
2 fii ak may dund, di ko kañ,
fii ak may noyyi, di woy sama Yàlla.

3 Buleen wóolu kilifa,
doom aadama amul wall.
4 Noo ga day rëcc, mu dellu suuf;
bu bés baa, pexeem jeex.

5 Ndokkalee kuy dimbalikoo Yàllay Yanqóoba;
di yaakaar Yàllaam Aji Sax ji,
6 Ki sàkk kaw ak suuf,
géej ak lépp li ci biir,
di sàmm dëgg ba fàww,
7 di àtte néew-ji-doole,
di leel ku xiif.
Aji Sax jeey tijji ku ñu tëj.
8 Aji Sax jeey xippil silmaxa,
di siggil ku sëgg.
Aji Sax jee sopp ku jub.
9 Aji Sax jeey sàmm doxandéem,
taxawu jirim ak jëtun,
waaye mooy lajjal pexem ku bon.

10 Aji Sax jeey nguuru ba fàww.
Yaw Siyoŋ, sa Yàllaa ñeel maasoo maas.
Màggalleen Ki Sax!

# 147

*Yàllaa gën ci àddina, gën ci nit*

1 Màggalleen Ki Sax!
Kañ sunu Yàllaa baax,
màggal koo neex te war.
2 Aji Sax jaa ngi tabaxaat Yerusalem,
di delloosi ña ñu dàqe Israayil,
3 di faj naqaru xol,
fajtal góomi boroom.
4 Mooy lim biddiiw yi,
tudd bu ci nekk.
5 Sunu Boroom a màgg, bare doole;
am xelam wees kemu.
6 Aji Sax ji, néew-ji-doole, mu siggil;
ku bon, mu daane ci suuf.

7 Woyeleen Aji Sax ji kàddug cant,
kañeleen sunu Yàlla jii ay xalam;
8 mooy sànge asamaan ay niir,
tawal suuf,
saxal tund yi am ñax,
9 leel mala,
xol liiru baaxoñ bu jooy.
10 Kii nawul dooley fas,
gërëmul kàttanu jàmbaar.
11 Ki Aji Sax ji gërëm mooy ki ko ragal
te di ko yaakaare ngoram.

12 Yerusalem, sargalleen Aji Sax ji!
yeen waa Siyoŋ laa ne, màggalleen seen Yàlla!
13 Mooy tëj ràpp seen bunti dëkk,
barkeel seen askan wa ca biir,
14 jàmmal seen suufas réew,
reggal leen ngëneelu pepp,
15 yónnee suuf ndigalam,

kàddoom ne coww, daw ca.
16 Mooy taw donji yuur yu weexe ni wëttéen.
di lay lay bu sedd, mel ni pënd ci suuf.
17 Mooy yuri tawub yuuram niy doj.
Bu ni seddee, ana kuy taxaw?
18 Mu yebal kàddoom, seeyal;
wal ngelawam, ndox walalaan.
19 Mooy wax Yanqóoba kàddoom,
dogalam yaak ndigali yoonam ñeel Israayil.
20 Loolu defalu ko wenn xeet;
kenn xamu ci ndigali yoonam.
Màggalleen Ki Sax!

# 148

*Na àddina wërngal këpp màggal Yàlla*
1 Màggalleen Ki Sax!
Nangeen màggale Aji Sax ji fa asamaan,
màggale ko fa kaw-a-kaw.
2 Màggalleen ko, yeen malaakaam yépp,
màggalleen ko, yeen gàngooram yi.
3 Màggalleen ko, yeen jant beek weer wi,
màggalleen ko, yeen mboolem biddiiw yii di nes-nesi.
4 Màggalleen ko, yeen asamaani kaw-li-kaw,
ba ca ndox ma tiim asamaan ya.
5 Nañu màggal turu Aji Sax ji,
kii kat a santaane, lii lépp am.
6 Moo leen samp, ñu sax ba fàww,
mu dogal ko, te du toxu.

7 Nangeen màggale Aji Sax ji fa kaw suuf,
yeen ninki-nankay géej ak xóote yépp,
8 ba ca melax yaak doj yu sedd yay taw,
ak tawub yuur akub lay,
ba ca ngëlén yu mag yay def ndigalam.
9 Màggalleen ko yeen tund yu mag yeek yu ndaw yépp,
ba ci garab yiy meññ ak garabi seedar yi,
10 ba ci mala yépp, yu àll ak gépp jur
ak luy raam ak njanaaw,
11 ak buuri àddinaak xeet yépp,
ak kilifa yeek njiiti àddina yépp,
12 xale bu góor ak bu jigéen,
mag ak ndaw.
13 Màggalleen turu Aji Sax ji,
moom doŋŋ la turam kawe,
darajaam tiim asamaan ak suuf.
14 Moo dooleel ñoñam,
wóllëreem ñiy mbooloom bànni Israayil,
xeet wi mu xejjoo, di ko màggal.
Màggalleen Ki Sax!

# 149

*Na Israayil màggal Ki Sax*
1 Màggalleen Ki Sax!
Woyleen Aji Sax ji woy wu yees,
màggal ko fi ndajem wóllëreem ñi.
2 Na Israayil bége Kii ko sàkk,
doomi Siyoŋ, laa ne, ñu bànneexoo seen buur bii.
3 Nañu màggale turam am pecc,
tëggal ko, xalamal ko.
4 Aji Sax jee safoo ñoñam,
di terale néew-ji-doole ag mucc.

5 Na wóllërey Yàlla bànneexoo seen ndam,
bu ñu tëddee sax, di sarxolle,
6 di xaacuy kañ Yàlla,
ŋàbbaale saamaru ñaari ñawka,
7 ngir duma yéefar yi,
mbugale ko yooyu xeet,
8 yeewe seeni buur ay càllala,
jénge seeni njiit jéngi weñ,
9 ngir sottalal leen àtte bi ñu bind,
muy ndamu wóllërey Yàlla yépp.
Màggalleen Ki Sax!

# 150

*Màggalleen Ki Sax!*
1 Màggalleen Ki Sax!
Nangeen màggale Yàlla biir këram gu sell,
màggale ko ca tatay asamaanam.
2 Màggaleleen ko ay jalooreem,
màggale ko màggam gu réy.
3 Màggaleleen koob bufta,
màggale ko xalam ak moroom ma.
4 Màggaleleen ko njiin aki pooj,
màggale ko xalam ak toxoro.
5 Màggaleleen ko tëggum weñ mu xumb,
màggale ko tëggum weñ mu kawe.
6 Na lépp luy noyyi màggal Ki Sax!
Màggalleen Ki Sax!

# Kàddu yu xelu

Téere bii da di ay wax yuy gindee jëme ci Yàlla, te def Yàlla muy cëslaay. Noonu la téere bi tegtale ci lu leer ne: «Ragal Aji Sax ji di njàlbéenu xam-xam» (1.7). Xam-xam man naa may boroom mu sottal ay liggéey yu ñu ko sas, te dina ko may tont yu jub ci ay laaj yu ñu koy natte. Waaye xel mu rafet rekk mooy jiite boroom ci ni mu wara dogoo jaare ci fànni dundam yépp.

*Kàddu yu xelu* day jàngale xel mu rafet, di wone nu mu woroo ak gis-gisu téxét bi mbaa dof bi mbaa ku bon ki.

Ci tënk:

1.1-7 Ndoortel kàddu yu xelu ak li muy xamle.
1.8—7.27 Dog bii, li ci ëpp jëm ci ay waajur ak seeni doom.
8.1—9.18 Xel mu Rafet bàkku na, di wuta berndeel.
10.1—29.27 Lu jëm ci xeltug Suleymaan.
30.1—31.9 Lu jëm ci xeltug Agur ak Lemuyel.
31.10-31 Lu jëm ci jikkoy jabar ju baax.

### *Li tax téere bi jóg*

1 Kàddu yu xelu yu Suleymaan buurub Israayil, di doomu Daawuda.
2 Li ko taxa jóg di nit ñi am xel mu rafet, am ab yar, ngir xam wax ju lal dég-dég,
3 ngir yaru ci jëfe xel ak njub ak yoon, di jubal,
4 ndax ab téxét di foog, ndaw li it xam tey xalaat.
5 Na boroom xel mu rafet déglu, yokk dég-dégam, te kiy ràññee di jariñoo ay tegtal,
6 ngir mana xam aw léeb aku taas ak kàddug boroomi xel yu rafet ak seeni cax.

7 Ragal Aji Sax ji di njàlbéenu xam-xam,
te xel mu rafet akub yar, dof yaa ko xeeb.

## Déglul, waajur artu la

*(Saar 1.8—7.27)*

8 Doom, toppal yaru baay,
te bul wacc ndigalu yaay.
9 Kaala gu jekk la ci bopp,
di gànjar ci baat.
10 Doom, bàkkaarkat bu la xiirtal, lànkal.
11 Dañu la naan: «Dikkal, nu tëruji bakkan,
yeeruji jàmbur bu deful dara.
12 Nanu mel ni njaniiw, mëdd kuy dund,
mu jekki tàbbi biir bàmmeel.
13 Mboolem alal ju réy, nu jagoo,
yeb sunu biir kër, mu fees.
14 Dikkal nu far,
mbuus miy benn, nu bokk.»

15 Doom, bul ànd ak ñoom ciw yoon,
bul jaare fa ñuy jaar,
16 ngir dañuy xélu, nar musiba,
di gaawtuy sànk bakkan.
17 Doo firib caax,
ba jàpp njanaaw luy xoole.
18 Ñii kat seen bopp lañuy fiir,
seen bakkanu bopp lañu sànk.
19 Képp kuy lekk lu lewul, nii lay mujje:
wutin wu lewul jël bakkanu boroom.

### *Xel mu Rafet woote na*

20 Xel mu Rafet a ngay woote ca mbedd ma,
di xaacu ca pénc ma.
21 Ma ngay wootee béreb yu gëna xumb,
di dégtaley kàddoom ca buntu dëkk ba.

22 Ma nga naan: «Moo téxét bi, foo àppal sa téxét gi?
Ñaawlekat bi, foo àppal sa ñaawle bi?
Dof bi, ñaata yoon ngay bañ xam-xam?
23 Soo dëppee ba déglu, ma artu la.
Ma ne, kon ma xellil la samam xel,
xamal la samay kàddu.
24 Damaa woote, nga gàntal,
ma tàllal loxo, faaleesu ma.
25 Sofental nga samay digle,
nanguwoo samay artu.
26 Kon boo sëngéemee, man it ma ree,
njàqare dab la, may tex-texi.
27 Njàqare di ngëlén, dab la,
sa musiba def callweer, buub la,
njekkar ak fitna dal la.

28 «Keroog nga woo ma wall, duma wuyu,
nga seet ma, seet, doo ma gis.
29 Daa fekk nga baña xam,
te ragal Yàlla du loo tànn.
30 Dégluwoo samay digle it,
xanaa xeeb samay artu yépp.

31 Waaye loo ci góobe, gar ko,
say pexe suur la këll.
32 Déggadi sànk ab téxét,
naagu rey ab dof.
33 Waaye déggal ma, dëkke jàmm,
tàggook njekkar ak safaan.»

# 2

*Muus, mucc*

1 Sama doom, déggal samay wax,
fonk samay santaane.
2 Teewlul xel mu rafet,
sam xel di dégg.
3 Ngalla wutala dégg,
wool dég-dég wall.
4 Sàkkul xel mu rafet ni xaalis,
wut ko ni alal ju làqu.
5 Kon nga xam luy ragal Aji Sax ji,
xam Yàllaa di kan;
6 ndax Aji Sax jeey maye xel mu rafet,
kàddoom di taxa xam, di dégg.
7 Day dencalal ndam kiy jubal,
di yiir ku mat.
8 Day wattu ku jub fu mu jaare,
di sàmm wóllëreem ciw yoon.

9 Kon nga xam njub ak yoon,
xam jubal ak mboolem yoonu mbaax.
10 Ndax xel mu rafet miy tàbbi sa xol,
nga xam, sa xol tooy,
11 nga foog, fegu,
amug dégg, raw,
12 mucc ci yoonu ku bon
ak kuy wax lu jekkadi,
13 mucc ci kuy wacc yoonu njub,
di jaare mbedd yu lëndëm.
14 Kon nga mucc ci kuy def lu bon,
tey bànneexoo lu jekkadi.
15 Yoonu ku ni mel day lunk,
jaaruwaayam dëng.

16 Xel mu rafet da lay musal ci jigéenu
njaalookat,
bokk feneen, di wax lu neex.
17 Day dëddu wóllëreem, ba muy ndaw,
fàtte kóllëreem ak Yàllaam.
18 Këram day joy wuti dee,
ay jaaruwaayam jëm njaniiw.
19 Ku dem ca moom dootoo délsi,
doo gisati yoonu dund mukk.

20 Kon nag aweel mbeddum waa ju baax,
toppal yoonu defkatu njekk,
21 ndax kuy jubal ay dëkke réew mi,
te ku mat a fiy des.
22 Ku bon, ñu génne réew mi;
kuy fecci worma, ñu buddi, sànni.

# 3

*Wóolul Yàlla*

1 Doom, bul fàtte sama njàngale,
defal sa xel ci saay santaane,
2 ngir fan wi gudd lool,
nga gëna am jàmm.
3 Bu la ngor ak worma dëddu,
booleel takk ci sa baat,
bind ko ci sa àlluway xol.
4 Kon nga xam lu jaadu,
neex Yàllaak doom aadama.
5 Nanga wóoloo Aji Sax ji sa léppi xol,
te bul wéeru ci saw déggin.
6 Loo mébét, bàyyil Yàlla xel,
mu xàllal la yoon.
7 Bul doyloo sa xel mu rafet,
ragalal Aji Sax ji, dëddu mbon;
8 sa yaram wér,
say cér naat.

9 Teralal Aji Sax ji ci sa alal
ak loo njëkka meññle,
10 say sàq day fees, ne xéew,
say mbàndi ndoxi reseñ di wal.

11 Doom, bul xeeb yaru Aji Sax ji,
bul bañ mu waññi la,
12 ndax Aji Sax ji, ku mu sopp, yar la,
ni baay, ak doom ju ko neex.

*Li xel mu rafet di jariñ*

13 Mbégtee ñeel ku daj xel mu rafet
ak ku amug dégg.
14 Am koo gën am xaalis,
te njariñ laa raw wurus.
15 Xel mu rafet a gën gànjar;
loo mana bëgg moo ko raw.
16 Gudd fan, mu joxee ndijoor;
càmmoñ ba, alal ak teraanga.
17 Fa muy jaare yiw la,
fu mu awe jàmm la.
18 Mooy garab giy taxa dund
ci ku ko jàpp,
di mbégtey ku ca ŋoy.

19 Aji Sax ji xel mu rafet la sose suuf,
lale asamaan ag dégg.
20 Ci xam-xamam la ndoxi xóote ya ne jàyy,
ay niir di lay.

### *Rafet xel barke la*

21 Sama doom, saxool xelu akug foog,
dee ci xool foo tollu.
22 Day guddal saw fan,
di rafetal sa jikko.
23 Kon sab dox wóor,
doo fakkastalu.
24 Soo tëddee doo tiit;
say nelaw day neex.
25 Kon doo ragal njàqare lu bette
ak saay-saay buy songe,
26 ndax Aji Sax ji da lay yiir,
di la musal cig fiir.

27 Bul xañ njekk ku ko yelloo,
ndegam man nga ko.
28 Bul ne say dëkk: «Demal ba beneen, ma
jox la,»
te fekk la yor.

29 Bul fexeel dëkkandoo
bu dëkk ak yaw ci kóolute.
30 Bul joteek kenn ci neen,
te tooñu la.

31 Bul ñee ku néeg,
te bu ko roy fenn.
32 Aji Sax ji daa sib ku dëng,
xejjoo kuy jubal.
33 Aji Sax ji day alag kër ku bon,
di barkeel waa kër ku jub.
34 Kuy ñaawle, moo lay ñaawal,
ku toroxlu, mu may law yiw.
35 Teraanga di céru ku rafet xel,
ab dof gàccoo gàcce.

## 4

### *Ku dégg ndigal, jariñu*

1 Gone yi, tee ngeena dégg yaru baay,
te déglu, ba amug dégg.
2 Maa ngi leen di jàngal lu baax,
buleen fàtte sama njàngale.
3 Man it amoon naa baay,
di benn bàjjo ci saa ndey.
4 Baay digal ma, ne ma:
«Jàppal samay wax ci sam xel,
di jëfe samay santaane, ba dund.
5 Amal xel mu rafet akug dégg.
Bul fàtte te bul moy samay wax.
6 Bul dëddu xel mu rafet, da lay aar;
sopp ko, mu sàmm la.
7 Njàlbéenu xel mu rafet mooy sàkku ko;
ak loo mana am, amalug dégg.
8 Nawal xel mu rafet, mu darajaal la;
tafoo ko, mu teral la.
9 Da lay takkal kaala gu jekk,
solal la mbaxanam buur.»

### *Moytul yoonu ku bon*

10 Déglul, doom, te dégg saay wax,
ndax nga gudd fan.
11 Yoon wu xelu laa la teg,
jaarloo la yoonu njub.
12 Doo dox ba tërëf,
doo daw, téqtalu.
13 Ŋoyal cib yar, bul yoqi,
sàmm ko, moo yor sa bakkan.
14 Yoonu ku bon, bu ci tegu;
fu ab soxor di jaar, bu fa dox.
15 Moyul, bu fa jaare;
mbasal te wéy!
16 Ku bon du nelaw te lorewul,
du dajjant ba kera muy téqe.
17 Daa bon, def ko lekk,
di màndee coxoram.
18 Yoonu ku jub day leer,
ba ne ràññ ni bëccëg.
19 Yoonu ku bon ne këruus,
du xam lu muy téqtaloo.

### *Saxal ci lu baax*

20 Doom, déglul samay kàddu,
teewlul samay wax.
21 Bu ci noppee ja jàkk,
te jàpp ko ci sa biir xel.
22 Mooy dundloo ku ci jàpp,
di wéral jëmmam jépp.
23 Sàmmal a sàmm sab xol,
nde xalaati xol ngay jëfe.
24 Dàqal wor, mu sore la;
kàdduy naxe, na la dànd.
25 Xooleel, sa bët ne jàkk,
ngay xool sa kanam màkk.
26 Seetlul fi ngay teg tànk,
ba foo awe, mu wóor.
27 Bul jàdd, ndijoor mbaa càmmoñ,
na sa tànk moyu lu bon.

# 5

*Moytul njaaloo*

1 Sama doom, déglul sama xel mu rafet,
teewlul sama déggin,
2 kon nga saxoo foog,
say wax tegu ci xam-xam.
3 Lu mel ni lem la jigéenu njaalookat di wax,
làmmiñ wa ni diw gu ñu lay raay.
4 Muj ga mu wex xàtt,
di gaañe ni ñawkay saamar.
5 Tànk ya day bartalu wuti dee,
ay jéegoom àkki njaniiw.
6 Rëddul yoonu dund,
daa lajj, te xamu ko.

7 Kon, samay doom, dégluleen ma,
buleen wacc samay kàddu.
8 Soreel ndaw soosu,
bul jege bunt këram.
9 Kon nga ñàkk daraja, keneen jagoo;
ku néeg bóom la.
10 Jàmbur jariñoo sa doole,
doxandéem jagoo saw ñaq.
11 Ngay mujje onk,
desey yax, jeex tàkk.
12 Nga naan: «Su ma yégoon, sopp ab yar
te baña sofental waxi artu.
13 Lu ma tee woona dégg ku may digal,
tey teewlu sama waxi sëriñ ya?
14 Tuuti ma yàqu yaxeet
fi kanam ñépp!»

*Yemal ci sa jabar*

15 Naanal ci sa mbalkam bopp,
ndox ma balle sa teenu bopp.
16 Xanaa doo wasaare sa bëti ndox ca biti,
mu def ay wal ca pénc ya?
17 Nay sa alal, yaw doŋŋ,
ku bokk feneen bokkul.
18 Yal na sa naanukaay barkeel,
nga bànneexoo kiy sa jabar ba ngay ndaw.
19 Aka sopplu te jekk!
Na lay céram doy foo tollu,
na la xañ sago saa su ne.
20 Doom, ana looy xemmeme keneen,
bay fowe céri jàmbur?

21 Lu waay jëf, Aji Sax ji gis,
di xool mboolem fu mu jaare.
22 Jëf ju bon day fiir ka ko sàlloo,
bàkkaaram di mbaal, jàpp ko.
23 Ñàkk yar, dee;
ndof gu réy, sànku.

# 6

*Bul gàddul kenn bor*

1 Doom, dangaa gàddul nit bor,
dige feyal jàmbur,
2 saw làmmiñ yeb la cim pax,
nga keppu?
3 Yaa ngi ci sa loxoy moroom,
kon defal nii, doom, ba rëcc:
doxal tinuji ko,
raamali ko.
4 Bul gëmm,
bul nelaw!
5 Dawal ni kéwél gu rëccub rëbb,
ne fërr ni picc mu raw ab fiirkat.

*Bul yaafus*

6 Yaafus bee, xoolal xorondom,
seetal ci moom, ba muus.
7 Du ku ko yilif mbaa ku koy sas,
te jiiteesu ko.
8 Bu jotee mu denc ab dundam,
mu jot, mu for lekkam.
9 Moo yaafus bi, foo àppal tëraay bi?
Loo deeti xaar ci yewwu?
10 Ngay dajjant aka for bët,
di tegley loxooka jaaxaan.
11 Néewlee ngi lay dikkal nib sàcc,
ñàkk gànnaayul la.

*Ku dëng, nii lay mel*

12 Ku tekkeedi te bon,
day wër di fen,
13 day piis, di wokkeb tànk,
di waxe baaraam,
14 jekkadiy xalaat, di mébét lu bon
aka yokku ay.
15 Moo tax musiba di jekki dal ko,
mu jekki yàqu, ba wees paj.

*Aji Sax ji bañ na lii*

16 Juróom benn a ngii yu Aji Sax ji bañ,
ba ci juróom ñaar yu mu seexlu:
17 kuy daŋŋiiral,
kuy fen,
kuy rey nit ku deful dara,
18 kuy fexe lu bon ci xolam,
kuy gaawtuy def lu ñaaw,
19 seede buy fen rekk,

rawatina kuy yokku ay ci biiri bokk.

### *Ku njaaloo gis ko*

20 Doom, defal li la baay sant,
te bul wacc ndigalal yaay.
21 Takkal foo tollu, taf ci sa xol,
fas ko ci sa baat.
22 Booy dox mu di la jiite,
nga tëdd, mu di la sàmm,
nga yewwu, mu di la waxal.
23 Santaane da lay niital, ndigal leeralal la,
artookub yar di yoonu dund.
24 Da lay aar ci ndaw su bon
ak jabaru jàmbur ak làmmiñam wu neex.
25 Bu ko xemmeme taaram,
bumu la fiir aki lamsal.
26 Dogu mburu fey nab gànc;
waaye jabaru jàmbur, bakkanu lëmm.
27 Te ku ne sawara cas, tafoo,
lakk say yére.
28 Ku dox ciy xal it,
say tànk ñor.
29 Mooy ànd ak jabaru jàmbur,
ku ko def gis ko.

30 Deesul sikk ku sàcc aw ñam,
def ci biiram ndax xiif.
31 Waaye bu feeñee, fey boroom juróom
ñaari yoon,
joxe alalu këram yépp.
32 Njaaloo di ñàkk bopp,
kuy sànk bakkanam a koy def.
33 Mbugal ak toroxte dib añam,
te gàcceem du deñ.
34 Fiiraange day feesal xolu góor,
te du ñéeblu buy feyu.
35 Du faale ndàmpaay,
loo ko may, may, du giif.

## 7

### *Jigéenu njaalookat da lay fiir*

1 Doom, sàmmal samay wax,
fonk samay santaane.
2 Jëfeel samay santaane, ba dund,
jàppal samay ndigal sa fukki loxo.
3 Takkal ci say waaraam,
bind ko ci sa àlluway xol.
4 Safool xel mu rafet, muy sab jigéen,
te nga xejjoo dég-dég ni sa mbokk lenqe.
5 Dina la aar ci jigéenu njaalookat,
bokk feneen, di wax lu neex.

### *Jigéenu njaalookat woote na*

6 Damaa tollu sama palanteer,
séentu ca xarante ya,
7 séen ca biir téxét ya,
ku ma seetlu ca xale yu góor ya,
muy ku ñàkk bopp.
8 Muy dem ba fa ndaw say taxaw, ca
selebe yoon wa,
daldi wuti kër ndaw sa.
9 Ngoonug suuf la, jant biy lang,
muy lëndëm di gëna guddi.
10 Ndaw si jekki dajeek moom,
sol yérey gànc, lal pexeem.
11 Daa xumb, të,
du toog këram.
12 Ma nga ca mbedd ma, ne ca pénc ya,
ruqoo ruq, ma ngay yeeroo.
13 Ndaw sa ne ko katam, fóon,
ne wajj, ne ko:
14 «Tey matal naa la ma digoon Yàlla,
yàppu bernde waa nga kër ga, saraxu cant
la*.
15 Moo ma taxa dikk dajeek yaw.
Seet naa laa seet, ba gis la.
16 Lal naa saab lal, ba mu jekk,
di malaan yu yànj, bawoo Misra.
17 Lal ba, ma xeeñal, mu ne bann,
di ndàbb, cuuraay ak xas mu neex.
18 Dikkal, nu baanee baane, ba bët set,
te bànneexu ci mbëggeel.
19 Sama jëkkër newu fa,
daa dem yoon wu sore.
20 Mbuusum xaalis la ŋàbb, yóbbu,
du ñibbisi ndare weer wi fees dell.»

21 Muy mocc aka moccaat, ba nax ko,
di wax lu neex, ba man ko.
22 Waa ja jekki, topp ko,
mbete yëkk wu ñuy rendiji,
mbaa dof bu ñu jéng, di ko yari.
23 Mooy picc mu tàbbi cig fiir.
Du xam ne day dee,
ba keroog fitt jam ko ci xol.

24 Kon nag, samay doom, dégluleen ma,
teewluleen samay wax.
25 Bu leen soosu ndaw xiir ci moy,

* **7.14 *saraxu cant:*** ku masaana rendi gàtt bu mu def saraxu cant ci biir jàmm, dangay jël lenn ci yàpp wi, bokk kook sa njaboot, lekk. Ci lekk googa la ndaw siy woo xale bu góor bi.

buleen teggi, topp ko.
26 Bare na ku dee, moo ko rey,
maneesula waññ ñi mu rey ñépp.
27 Këram yoonu njaniiw la,
daa bartalu, tàbbi néegi dee.

## Xel mu Rafet bàkku na

# 8

*(Saar 8)*

1 Déggal! Xel mu Rafet di soxna saa ngi woote,
moom soxna si Am Dégg di xaacu.
2 Ma nga taxaw ca selebe yoon ya,
fu gëna kawe ca yoon wa.
3 Ma nga ca buntu dëkk ba, taxaw;
fa nit ñay jaare lay xaacoo naan:
4 «Yeen mbooloo yi laay woo,
doom aadama yi laay joor.
5 Téxét bi, deel foog,
dof bi, déggal ndéey lu xelu.
6 Déglul, ma wax la lu am solo,
dégtal la njub.
7 Dëgg laay wax,
di bañ wax ju bon.
8 Lu ma wax njub la.
Amul lu dëng mbaa lu jekkadi.
9 Lépp a dëggu ci ku amug dégg,
te jub ci ku for xam-xam.
10 Na la samab yar gënal xaalis,
xam-xam dàqal la ngën-gi-wurus.
11 Ndax man, Xel mu Rafet, maa gën gànjar,
loo bëgg maa ko raw.

12 «Man, Xel mu Rafet, foog di sama kër;
xam-xam ak pexe, ma for.
13 Ragal Aji Sax ji mooy bañ lu bon.
Réy, xeebaate, yoonu mbon,
ak wax ju jekkadi, ma boole bañ.
14 Maa moomi digle, di maye gis-gis;
maa amug dégg, di boroom doole.
15 Samay pexe la buur di jiitee,
kilifa di ci àttee dëgg.
16 Ci samay pexe la njiit di saytoo,
ñook kàngam yeek ñiy àtte dëgg ñépp.
17 Maa sopp ku ma sopp,
ku ma seet tigi, gis ma.
18 Alal ak teraangaa ngi fi man,
am-am bu sax it ak yoolu njekk.
19 Li may mayee gën wurus, muy wurus wa gën,
sama njariñ wees xaalis ba gën.
20 Yoonu njub laay jaare,
di dox ci li jaadu.
21 Ku ma sopp, ma nàddil la,
feesal sab denc.»

*Xel mu Rafet a mag lépp*

22 Soxna si, Xel mu Rafet nee na:
«Aji Sax ji jagoo na ma ca njàlbéen,
ma jiitu ca jëfam ya woon.
23 Bu yàgg lañu ma dëj,
ca ndoorte la, bala suuf a sosu.
24 Ba may dikk, géej amul,
ndox ballul bay fees, di wal-wali.
25 Dikk naa bala tund yu mag yee sampu,
lu jiitu tund yu ndaw yi,
26 laata Yàllaa sàkk suuf aki àllam
ak feppu pënd ci àddina.
27 Ba muy taxawal asamaan, maa nga fa,
ak ba muy rëdd fa asamaan taseek géej,
28 ak ba muy teg niir ya fa kaw,
ak ba muy dooleel ndoxi xóotey géej,
29 ak ba muy sàkkal géej kemoom,
ba du jàll fa mu wax.
Ba muy rëdd fa muy samp àddina,
30 man, Xel mu Rafet, maa doon ku xareñ ci wetam,
di ko bànneexal bés bu ne,
tey bànneexu fi kanamam.
31 May bége wërngalu àddinaam,
di bànneexoo doomi aadama.

*Xel mu Rafet dénkaane na*

32 «Kon nag, samay doom, dégluleen ma.
Mbégte ñeel na ki may topp.
33 Nangeen déglu ku leen di yar, daldi muus.
Buleen ko sàggane!
34 Mbégte ñeel na ki may déglu,
di teewlu ca sama bunt bés bu nekk,
di ma toogaanu sama bunt kër.
35 Ku ma daj, gudd fan,
Aji Sax ji bége la.
36 Ku ma moy loru,
ku ma bañ, daa repp.»

## Ñaari berndee ngii

# 9

*(Saar 9)*

*Xel mu Rafet a ngi berndeel*

1 Soxna si, Xel mu Rafet daa tabax këram,
yatt juróom ñaari kenoom.

2 Mu rendi ag juram, njafaan ay biiñam, xelli,
taaj ay ndabam.
3 Xel mu Rafet yónni ay janqam,
di wootee fu kawee kawe ca dëkk ba,
4 naan: «Képp ku téxét, jàddal ba fii!»
Ku ñàkk bopp, mu ne ko:
5 «Kaay, ma may la, nga lekk,
xellil la biiñ bi ma njafaan, nga naan.
6 Dëddul jëfi téxét ba dund,
di jubal ci yoonu dégg.»

*Kuy xeloo ngii ak kuy ñaawle*

7 Artu kuy ñaawle, feyoo saaga rekk,
yedd ab soxor, yooloo loraange.
8 Bul yedd kuy ñaawle, da lay jéppi;
yeddal ku rafet xel, mu naw la.
9 Xelalal ku xelu, mu yokku.
Xamalal ku jub, mu yokk njàngam.
10 Ragal Aji Sax ji di njàlbéenu rafet xel,
xam Aji Sell ji di amug dégg.
11 Maay Xel mu Rafet, ku ma topp gudd fan,
dund, dundati.
12 Rafet xel, jariñu,
kuy kókkalee, wéetook sa añ.

*Jigéen ju Dofee ngi berndeel*

13 Soxna si, Jigéen ju Dof day xumb,
reew, du xam lu xew.
14 Day toog bunt këram,
mbaa fu kawee kawe ca dëkk ba,
15 di woo ña fay jaare
te jubal seenu yoon.
16 Ma nga naa: «Képp ku téxét, jàddal ba fii!»
Ku ñàkk bopp, mu ne ko:
17 «Ndox mu lewul a neex,
ñamu làqu-lekk dàqati.»
18 Waaye kooka du xam ne waa njaniiw a nga fa,
te ku wuyuji, tàbbi biir bàmmeel.

# Kàddu yu xelu yu Suleymaan

## 10

*(Saar 10—24)*

1 Kàddu yu xelu yu Suleymaan.

Doom rafet xel, baay ba bég;
doom dof, ndey ja tiis.

2 Alal ju lewul du jariñ;
jub, mucc ci gàtt fan.

3 Aji Sax ji du seetaan kiy def njekk, di xiif,
waaye day xañ ab soxor la mu xemmem.

4 Yaafus, walaakaana;
farlu, woomle.

5 Ku ngóob jot, nga góob, xelu nga;
ngóob taxaw, ngay nelaw, gàcce la.

6 Jub, barkeelu;
ku soxor, wax ja làq fitna.

7 Ku jëfe njekk barkeel, saw tur du fey;
ab soxor, turam seey.

8 Ku rafet xel day jëfe santaane,
ab dof wax a wax, ba loru.

9 Màndu, fegu;
dëng, weeru.

10 Piiseek làq-làqal, sabab njàqare;
ab dof wax a wax, ba loru.

11 Kàdduy ku jub bëtu ndox la, day naatal;
waaye ku soxor, wax ja làq fitna.

12 Mbañeel ak ayoo;
cofeel ak jéggale bépp tooñ.

13 Kuy dégg, say wax rafet;
te ku ñàkk bopp, yelloo yetu gannaaw.

14 Ku rafet xel day xam, ne cell;
bu dof noppiwul, yàqule teew.

15 Alal day aar boroom ni ab tata,
ñàkk di lor baadoolo.

16 Kiy jëfe njekk jot peyam, dunde;
ab soxor di bàkkaare alalam.

17 Yaru, gudd fan;
sàgganey artu, sànku.

18 Ku la nëbbal mbañeel, da lay fen;
kuy wër di sos, ab dof la.

19 Wax ju bare, moy ñàkku ca;
ku moom sa làmmiñ, xelu nga.

20 Kàddug boroom njekk di ngën-gi-xaalis,

xelum coxor amul solo.

21 Kàdduy boroom njekk jariñ na ñu bare,
dof ñàkk na bopp, ba far dee.

22 Barkeb Aji Sax jeey maye alal,
kër-këri taxula barele.

23 Jëf ju bon la dof di fowe;
ku am dég-dég safoo lu xelu.

24 Ab soxor, li mu ragal moo koy dab;
nammeelu kiy def njekk nag day sotti.

25 Bu ngëlén walee, ab soxor ne mes;
kiy def njekk, sab reen sax ba fàww.

26 Ndaw lu tayel ca ka yónnee
daa mel ni lu forox ciy gëñ mbaa saxaar
ciy gët.

27 Ragal Aji Sax ji, gudd fan;
soxor, gàtt fan.

28 Kiy def njekk day séentu mbégte, gis ko;
ab soxor yaakaar, yàkki.

29 Aji Sax jeeki nammeelam rawtu la ci ku
mat,
di sànkute ci kuy def lu bon.

30 Kiy def njekk deesu ko daaneel mukk,
ku soxor du yàgg cim réew.

31 Kàddug boroom njekk day jur xel mu
rafet,
ku wax njekkar ñu tëj sa gémmiñ.

32 Boroom njekk day xam wax ju yiw;
ab soxor sàlloo waxi njekkar.

# 11

1 Aji Sax ji bañ na njublaŋ ci nattub
diisaay,
ay nattukaay na mat, muy bànneexam.

2 Ku réy-réylu rus;
woyofal ndax nga xelu.

3 Kuy jubal, jiital mat.
Njublaŋ ak wor, detteelu.

4 Alal du jariñ bésu mbugal;
jub, mucc ci gàtt fan.

5 Ku mat, dëgg xàllal la;
coxor daaneel boroom.

6 Jubalal, sa jëfi njekk musal la;
ab workat day bëgge, ba far keppu.

7 Ab soxor saay, yaakaaram seey,
rawatina yaakaar ju sës ci alal.

8 Ku jub mucc ci njàqare,
ab soxor wuutu ko ca.

9 Ay sos la yéefar di loree dëkkandoom,
waaye kiy jëfe njekk, xam-xam la cay
mucce.

10 Kiy jëfe njekk baaxle, waa dëkkam
bànneexu;
ab saay-saay saay, mbégte dim riir.

11 Barkeb kiy jëfe njekk teral nab dëkk,
kàddug ku soxor tas nab dëkk.

12 Waxi xeebaate ñàkk bopp la,
ku am ag dégg day noppi.

13 Kuy wër di sos dangay wuññi sutura,
ku jara wóolu dangay am bàmmeelu biir.

14 Tegtal tumurànke, am réew suux;
digle bare, ndam dikk.

15 Bul gàddul kenn bor, di loru;
bañ koo dige, daldi am jàmm.

16 Jigéen, na yiw, ñu sagal ko;
góor gu néeg, alal doŋŋ.

17 Ku baax, boppam;
ku bon, boppam.

18 Coxor feyul boroom, day naxe;
deel def njekk, sag pey wóor.

19 Saxoo njekk, dund;
sàlloo mbon, dee rekk.

20 Aji Sax ji bañ na njublaŋ,
safoo ki mat.

21 Ab soxor mbugalam du jaas, wóor na;
te ku jëfe njekk, saw askan mucc.

22 Taaru jongama ju xel maa gàtt,
mooy jaaro wurus ci noppu mbaam-xuux.

23 Kiy jëfe njekk, lu baax rekk lay sàkku;
soxor biy yaakaar, mujje mbugal.

24 Nit a ngi tabe, di yokkule;
nit di nëŋ-nëŋi, gëna ñàkk.

25 Ku yéwén, woomle;
kuy suuxat, suuxu.

26 Nit a ngi móolu kuy denc pepp, ba mu ñàkkee,
di gërëm ka koy jaay.

27 Wutal a wut lu baax, ñu nawloo la;
ku sàkku lu bon, yaa koy yenu.

28 Ku yaakaar sa alal sab jéll a ngi ñëw,
ku jub day juble ni gàncax gu naat.

29 Kuy fitnaal sa waa kër doo donn dara,
ku dof, boroom xel yilif la.

30 Kuy jëfe njekk mbete garab guy taxa dund,
ku rafet xel am nit ñi.

31 Kuy jëfe njekk, jot yoolam ci kaw suuf,
ku soxor keek bàkkaarkat bi it daw raw.

## 12

1 Ku bëgga xam, bëgg ku la yedd;
ku bañ ku la artu, bàyyima nga.

2 Ku baax, Aji Sax ji bége la;
kuy fexe lu bon, mu daan la.

3 Ab soxor, taxawaayam du yàgg;
kuy jëfe njekk garab la, reen ba ne kekk.

4 Jeeg bu jàmbaare day teral jëkkër ja,
jeeg buy rusloo day semmal jëkkër ja.

5 Boroom njekk, lu jekk lay mébét;
ab soxor di lal pexey wor.

6 Ab soxor, waxam am tëru la, day reye;
kàdduy kiy jubal di musle.

7 Ab soxor bu daanoo, jeex na;
ku jub, sa kër taxaw, ne këcc.

8 Xel mu ñaw, jëw bu rafet;
sam xel jekkadi, ñu xeeb la.

9 Woyof mbubb, am benn surga doŋŋ,
moo gën réyal turki tey dee ak xiif.

10 Ku jub day toppatoo ag juram,
ab soxor néeg cig juram.

11 Beyal sab tool, sab dund doy;
topp ay caaxaan ñàkk bopp la.

12 Ab soxor ay xemmem alal ju lewul,
kiy jëfe njekk garab la, reen baa ko meññal.

13 Bàkkaaru làmmiñ dugal na boroom,
ku jub mucc ci njàqare.

14 Làmmiñ reggal na boroom;
ñaq, jariñu.

15 Na dof di jëfe, njub la ci moom;
dégg ndigal rafetum xel la.

16 Ab dof bu meree, mu gaawa feeñ;
ku teey, tanqamlu saaga.

17 Ku dëggu, seede dëgg;
seede bu bon, fen rekk.

18 Làmmiñu waxkat, jam-jami jaasi;
kàddu gu xelu, garab la ci.

19 Kàdduy dëgg, day sax dàkk;
fen, xef-xippi, mu wéy.

20 Kuy ràbb lu bon lal pexey wor,
kuy digle jàmm, am mbégte.

21 Ku jub du ami ay,
ab soxor du tàggook musiba.

22 Aji Sax ji sib na fen-kat,
safoo ku dëggu.

23 Nit ku ñaw day xam, ba ca;
ab dof siiwal waxi dofam.

24 Njaxlaf, jiitu;
yaafus, des gannaaw.

25 Njàqare day jeexal xolu boroom,

wax ju neex di tooyal xolam.

26 Ku jub day xool ku muy xaritool*;
soxor bi, jikkoom a koy sànk.

27 Ab yaafus bu rëbbee, sooy;
cawarte koom la.

28 Jaaral ci njub, ba gudd fan;
yoon wu baax deesu fa deewe.

# 13

1 Doom ju xelu dégg yaru baay,
kuy ñaawle faalewuli artu.

2 Wax ju rafet yool na boroom,
workat fitna la namm.

3 Moom sa làmmiñ, sàmm sa bakkan;
rattaxle, yàqule.

4 Ab yaafus day yaakaar, du am;
ab njaxlaf sàkku, woomle.

5 Ku jub bañ na ay fen,
ku soxor di indi gàcceek yeraange.

6 Ku mat day jub, ba fegu;
moykat soxor, ba sànku.

7 Nit a ngi am-amlu, amul dara;
nit di dee-deelu te fees dell.

8 Ku am ay feye alalam, ba mucc;
ku amul deesu ko tëkku.

9 Ku jub day leer nàññ,
ab soxor mel ni taal bu fey.

10 Réy-réylu jote rekk lay jur,
ku dégg ndigal a xelu.

11 Alal ju lewul day naaw;
foral benn-benn, ba barele.

12 Yaakaar ju tas day jeexal xol,
aajo ju faju di garab guy taxa dund.

13 Ku sofental ndigalu Yàlla, yàqule;
ku jëfe santaane Yàlla, yoolu.

14 Njàngale mu xelu day suuxat bakkan,
ba boroom du tàbbi ci fiiri dee.

15 Dangay xam lu jaadu, ñu naw la;
yoonu workat day metti.

16 Képp ku teey jëfe xam-xam;
ab dof ay siiwal ndofam.

17 Ndaw lu bon day loru.
Ndaw lu wóor garab la ci nit.

18 Ku sàggane yoonu yar, séddoo ñàkk ak gàcce;
kuy déggi artu, am teraanga.

19 Aajo ju faju tooyal na xol,
te ab dof jomb naa dëddu mbon.

20 Àndal ak ku xelu, sam xel rafet;
ku lëngookub dof, loru.

21 Ay topp na moykat,
ku jub juble.

22 Ku baax, donale ba cay sëtam;
alalu moykat, muuru ku jub.

23 Ku néewle bey na, meññeef ne gàññ,
ñu àtte ko ñàkkal, mu ñàkk ko.

24 Ku dul bantal sa doom, bëggoo ko.
Ku bëgg sa doom teel koo yar.

25 Ku jub day lekk ba regg,
soxor ba dëkke xiif.

# 14

1 Jigéen, rafet xel, dimbali waa këram,
su deeb dof, tas këram.

2 Kuy jubal day ragal Aji Sax ji,
ku dëng teddadil nga ko.

3 Ab dof a ngi réy-réylu, làmmiñam yar ko;
ku rafet xel, sa kàddu aar la.

4 Su yëkk takkul, bey, sàq wéet;
mu beye dooleem, meññeef ne gàññ.

5 Seede bu dëggu, dëgg rekk,
seede bu dëgguwul, fen rekk.

* **12.26** Mbaa: *Ku jub day teg moroomam ciw yoon;*

6 Ab ñaawlekat day wut xel mu rafet, mu réer ko;
ku amug dégg, xam yomb la.

7 Dàndal ab dof,
dof du la yokk xam-xam.

8 Ku ñaw day xelu, xam li muy def;
ab dof di nax boppam.

9 Ab dof, su bàkkaaree, yoonam!
Te ñay jubal a séq yiwu Yàlla.

10 Tiisu xol, boroom a ko xam;
mbégte ma it jàmbur bokku ca.

11 Ab soxor, këram day tas,
mbaarum ku jub di naat.

12 Yoon a ngii, nit defe ne jub na,
te mu jëme ko ci dee.

13 Nit a ngi ree, xol ba tiis,
te mbégte mujje na njàqare.

14 Ku def njekkar sab añ mat,
ku baax gën law demin.

15 Ab téxét, loo wax mu gëm;
ku ñaw xam fi ngay jaare.

16 Ku xelu day ragal, di dëddu lu bon;
ab dof day ràkkaaju, du tiit.

17 Ku gaawa mer, def jëfi dof,
te kuy fexeel nit, ñu bañ la.

18 Ab téxét ndof ay céram,
ku ñaw jagoo xam-xam.

19 Ku bon sujjóotal ku baax;
ku soxor ay yaakaar ku jub.

20 Ku ñàkk, say dëkk sax bañ la;
ku barele, barey xarit.

21 Ku xeeb sa dëkkandoo, bàkkaar nga;
ku baaxe ku ñàkk, mbégte ñeel la.

22 Kuy mébét lu bon daa réer,
kuy mébét lu baax am nga ngor ak worma.

23 Kër-këri, jariñu;
waxi neen, loxoy neen.

24 Ku rafet xel jagoo alal,
ab dof ràngoo ndofam.

25 Seede bu dëggu day jot bakkan,
kuy fen day wore.

26 Ragal Aji Sax ji kaaraange gu wér la ci nit,
di rawtu ciy doomam.

27 Ragal Aji Sax ji day suuxat bakkan,
ba boroom du tàbbi ci fiiri dee.

28 Su mbooloo baree, buur am ndam;
fu nit ña néew, kilifa du fa dara.

29 Muñ mer, déggin wu yaa;
gaawa tàng, gënatee dof.

30 Xel mu dal, yaram wu naat;
fiiraange semmal boroom.

31 Ku sonal ku ñàkk, tooñ nga Ka ko sàkk;
ku baaxe ku néewle, teral nga Ka ko sàkk.

32 Coxor detteel boroom;
ku jub fegoo mànduteem.

33 Kuy dégg, sam xel saxoo rafet;
ab dof sax xam na lu xelu.

34 Àtteb dëgg day teral aw xeet,
moy di gàcceel aw askan.

35 Buur day bége jawriñ ju xelu,
di mbugal nitu gàcce.

## 15

1 Tont lu neex day giifal,
baat bu ñagas di jógal xol.

2 Ku xelu àddu, xam-xam rafet;
ab dof di talalali.

3 Aji Sax ji moo gis lépp,
di xool ku baax ak ku bon.

4 Wax ju neex mooy garab guy taxa dund,
kàddu yu jekkadi di jeexal xol.

5 Ab dof day xeeb yaru baay ba,
kuy dégg waxi artu, xelu nga.

6 Kër ku jub, koom gu yaa;
ku jubadi, alalam jur fitna.

7 Ku xelu àddu, xam-xam law;
ab dof amul xelam.

8 Saraxub ku soxor, Aji Sax ji bañ na ko;
ñaanu kuy jubal da koy bége.

9 Jëfi ku bon, Aji Sax ji seexlu na ko;
ku sàlloo jëf ju baax, safoo na la.

10 Mbugal tar na, ñeel ku wacc yoon;
ku bañ waxi artu, dangay dee.

11 Njaniiw ak biir suuf, Aji Sax ji di gis,
xolu doom aadama waxi noppi.

12 Kuy ñaawle bëggul ku ko artu,
te du laaji ku rafet xel.

13 Xol bu sedd, kanam gu leer;
xol bu tiis, boroom ne yogg.

14 Ku amug dégg sàkku xam-xam,
ab dof di toppi caaxaan.

15 Xol bu tiis, naqar wu sax;
xol bu neex, bànneex bu sax.

16 Néewle te ragal Aji Sax ji
moo gën barele, sa bopp ubu.

17 Njëlu ñetti xob fa ñu la soppe
moo dàq yàpp wu duuf fu ñu la bañe.

18 Naqari deret, taalu ay.
Teey, fey fitna.

19 Yoonu yaafus, dégi neen;
kuy jubal, saw xàll yaa.

20 Doom rafet xel, baay ba bég;
te ab dof ay xeeb ndey ja.

21 Jëfi dof a neex ku ñàkk bopp,
ku amug dégg def njub.

22 Diisoo ñàkk, pexe sànku;
digle yu takku, pexe àntu.

23 Nit bége na tontam lu dal,
kàddu gu jib fa mu ñoree neex!

24 Ku rafet xel, jubal nga yoonu gudd fan,
moyu teggi, ba jëm njaniiw.

25 Ku bew, Aji Sax ji màbb sa kër;
ab jëtun, Aji Sax ji ñoŋal pàkkam.

26 Aji Sax ji bañ na mébét mu bon,
te wax ju yiw daa sell fa moom.

27 Wutin wu lewul, sonal sa waa kër;
ku bañ alalu ger gudd fan.

28 Ku jub day teeylu tontam;
ab soxor, wax ju ñaaw rekk.

29 Aji Sax ji day dëddu ab soxor,
di nangu ñaanu ku jub.

30 Kanam gu leer day seral xol;
xibaaru jàmm, jàmmu yaram.

31 Kuy dégg artu yu koy musal,
ku rafet xel a ngoog.

32 Xalab waxi yar, fowe sa bopp la;
deel déggi artu, yokk sam xel.

33 Ragal Aji Sax ji day rafetal xel;
jëkke woyof, mujje tedd.

## 16

1 Nit ay dogu ci xolam,
Aji Sax ji dogal, mu sotti.

2 Lu waay def, daa jekk ca moom,
waaye Aji Sax jeey natt xol yi.

3 Loo bëgga def, diis ko Aji Sax ji,
say mébét sotti.

4 Lu Aji Sax ji sàkk, mbir la ca namm,
ba ci ku soxor ak bésu mbugalam.

5 Aji Sax ji sib na ku réy,
da koy mbugal ci lu wér.

6 Ku jiital ngor ak worma, Yàlla jéggal la;
ku ragal Aji Sax ji, dëddu lu bon.

7 Ku Aji Sax ji rafetlu say jëf,
say bañ sax, mu jubaleek yaw.

8 Néewle te jub

moo gën barele te jubadi.

9 Nit ay sumb yoonam,
Aji Sax ji sottal.

10 Su buur àddoo cib àtte,
muy kàddu gu Yàlla dogal.

11 Nattub diisaay aki ndabam, na jub ngir
Aji Sax ji.
Moo sàkk mboolem nattukaay.

12 Buur daa sib kuy def lu bon,
ndax njub mooy dëgëral nguuram.

13 Wax ju dëggu, buur safoo boroom;
ku jub, buur bëgg sa kàddu.

14 Merum buur ndaw la, dee a ko yónni;
ku rafetum xel, giifal ko.

15 Buur, na kanam ga leer, sa bakkan
mucc,
su la baaxee, mu mel ni taw bu toppum
nji.

16 Wutal xel mu rafet, bàyyi wurus;
taamul ag dégg, wacc xaalis.

17 Yoonu kuy jubal day moyu lu bon,
ku teeylu sa jëfin, sàmm sa bakkan.

18 Réy, yàqule;
xeebaate, jóoru.

19 Woyof, ànd ak ku néewle
moo gën séddook ku bew la mu lewal.

20 Ku teewlu mbir, baaxle;
ku wóolu Aji Sax ji, bég.

21 Ki rafet xel mooy kiy ràññee,
te su wax rafetee, dég-dég yomb.

22 Xel mu ñaw day suuxat bakkan,
te ab dof jëfi dofam a koy yar.

23 Ku rafet xel, say kàddu xelu;
soo waxee, yey.

24 Wax ju yiw di lem juy xelli,
neexa ñam, di jàmmi yaram.

25 Yoon a ngii, nit defe ne jub na,
te mu jëme ko ci dee.

26 Ku bëgg lu neex, liggéey;
ku bëgga faj sab xiif, njaxlaf.

27 Sagaru nit mooy sulli lu bon,
ay waxam sax sawara la.

28 Nitu njekkar day yokk réeroo,
ab soskat di féewaley xarit.

29 Ab soxor day yóbbaale dëkkandoom,
jëme ko ci lu bon.

30 Piise, ku nar njekkar;
màttu, ku def lu bon.

31 Bijjaawu bopp kaala gu yànj la,
topp yoonu njub a koy joxe.

32 Muñ mer, moo gën njàmbaar;
tënk sa bakkan moo raw nangub dëkk.

33 Tegoo bant nit a koy def,
dogal ba Aji Sax ji la.

# 17

1 Feppu dugub wu ànd ak dal
moo gën lu ne gàññ kërug ayoo.

2 Surga, bu rafetee xel, tiim doom juy
rusloo,
séddu ni doom ci alalu sangam.

3 Xaalis ak wurus sawaraa koy xelli,
waaye nit, ab xolam, Aji Sax jee koy nattu.

4 Ku bon ay déglu wax ju bon,
fen-kat di teewlu ay sos.

5 Kuy ñaawal ku ñàkk, tooñ nga Ka ko sàkk;
kuy reetaan ku jàq, mbugalam du jaas.

6 Teraangay maam, sët ba;
sagu doom, baay ba.

7 Waxi teggin jekkul cib dof,
ay fen ci as gor waxi noppi.

8 Alalu ger njiglaay la ca ka koy joxe,
ba fu mu jublu, mu nooy.

9 Baale tooñ, yokk cofeel;
sulliw ay, tas xarit.

10 Ku amug dégg ngay yedd benn yoon,
ab dof téeméeri yar du ko waññi.

11 Ku bon fippu doŋŋ lay jéem,
te musibaa koy dikkal.

12 Taseek gaynde gu ñàkki doomam
moo gën taseek dof ak yëfi dofam.

13 Kuy feye mbon jëf ju baax,
lu bon du jóge sa kër.

14 Ndoortel ay di wal mu tàmbali,
luy indib xuloo, bàyyil.

15 Dëggal ku sikk, daan ku jub,
Aji Sax ji sib na yooyu ñaar.

16 Ab dof du am xaalis, jënde xel mu rafet;
bëggu ca dara.

17 Xarit du bëgg, di bañ;
mbokk day bokk ak yaw say coono.

18 Ku ñàkk bopp ay dige feyal jàmbur,
di ko gàddul boram.

19 Ku bëggu ay bëggi tooñ;
damu, yàqule.

20 Ku njublaŋ du baaxle,
kuy wax njekkar añe musiba.

21 Ku jur ab dof, am naqar;
ab dof waajuram du bég.

22 Xol bu sedd day garabal,
xol bu tiis day semmal.

23 Ku bon day nangu alalu ger ca suuf,
nara jalgati yoon.

24 Ku amug dégg ne jàkk ci xel mu rafet,
ab dof ne xóll, xel ma sore lool.

25 Doom ju dof di tiisu baay ba
ak naqaru ndey ja.

26 Ku deful dara, feyloo kob daan, dug
njub;
dóor as gor du yoon.

27 Ku moom sa làmmiñ am nga xam-xam,
te ku teey am ngag dégg.

28 Ab dof sax bu noppee, nirook boroom
xel;
ku ne cell, ñu fooge lag muus.

# 18

1 Ab siis, bànneexu boppam rekk,
loo ko digal mu xalab.

2 Ab dof wutul ag dégg,
li muy def kay mooy jaay ag muus.

3 Bu mbon nuyoo, xeebeel topp ca;
jëf ju ñaaw, gàcce rekk.

4 Waxi nit ndox mu xóot la,
bu bënnee, xelli, ñu di ca xelu.

5 Faral ku tooñ baaxul,
bul xañ dëgg ku deful dara.

6 Ab dof, làmmiñam sooke naw ay,
ay waxam di sàkku yeti gannaaw.

7 Ab dof, waxam a koy sànk,
làmmiñu boppam a koy dugal.

8 Waxi jëwkat di ñam wu neex
wuy seey, jàll ca biir-a-biir.

9 Kuy sàggane sa liggéey,
yaak kuy yàq a bokk.

10 Turu Aji Sax ji rawtu bu mag la.
Ku jub daw làqu ca, raw.

11 Alal day aar boroom ni ab tata,
mu foog ne maneesu koo bëtt.

12 Bew, yàqule;
jëkke woyof, mujje tedd.

13 Tontu te déggagoo,
ndof la, ak ñàkk kersa.

14 Ku bëgga dund, dékku woppi yaram,
waaye xol bu jeex maneesu koo wéye.

15 Ku amug dégg wut xam-xam,

ku rafet xel sàkku xam-xam.

16 Deel maye, da lay ubbil bunt,
di la àggale ci boroom daraja.

17 Ku njëkk a layoo, ñu ne yaa yey,
ba keroog ka nga joteel weddi la.

18 Tegoo bant day feyu ay,
di àtte boroom doole yu jote.

19 Jubook mbokk moo tooñ, jéggi tataa ko gëna yomb,
mbaa ubbi bunt yu tëje ràpp.

20 Làmmiñ feesal na biiru boroom,
yoolu kàddu suur na boroom.

21 Dund ak dee a ngi ci làmmiñ,
te wax garab la, ku ko bëgg, lekk ca doom ya.

22 Ku am jabar, am nga ngëneel,
am nga yiwu Aji Sax ji.

23 Ku ñàkk a ngi leewaayu,
boroom alal di ko jànni.

24 Barey àndandoo lor a ngi ci,
waaye xarit a ngi gëna taq nit mbokkam.

## 19

1 Ñàkk te mat,
moo gën dof, di wax njekkar.

2 Teeyadi baaxul,
ku yàkkamti moy saw yoon.

3 Nit def na jëfi dof, ba sànku,
walbatiku mere Aji Sax ji.

4 Ku barele, barey xarit;
ku ñàkk, sab xarit dagg la.

5 Seede buy fen muccul mbugalam,
kuy noyyee ay fen du rëcc àtteem.

6 Ñu baree ngi wuta neex boroom daraja,
ku nekk a bëgga xaritook kuy joxe.

7 Ku ñàkk, sa bokk yépp dëddu la,
sab xarit gën laa soreeti,
ngay wax ak ñoom, dara.

8 Kuy sàkku xel, bëgg nga sa bopp;
kuy wut ag dégg day baaxle.

9 Seede buy fen muccul mbugalam,
kuy noyyee ay fen, mujje sànku.

10 Dund gu neex jekkul cib dof,
surga buy jiite kilifa it moo yées.

11 Ku xam lu jaadu, muñ mer,
tanqamlu ku la tooñ ngay damoo.

12 Merum buur ni gaynde gu ŋar;
yërmandey buur ni lay cig mbooy.

13 Doom ju dof naqaru baay baa,
te jabar ju pànk mooy senn bu dakkul.

14 Kër ak alal ngay donne ci baay;
jabar ju xelu, Aji Sax jee koy maye.

15 Ab yaafus, nelaw yu xóot,
te ku yàccaaral xiif.

16 Ku jëfe ndigal, sàmm sa bakkan;
ku moytuwul sa bopp, dangay dee.

17 Ku baaxe ku ñàkk, lebal nga Aji Sax ji,
te moo lay yool.

18 Yaral sa doom ba muy teel,
waaye bul topp sa xol, ba rey ko.

19 Ku naqari deret, sonal nga sa bopp;
ku la xettali, tóllanti ko.

20 Déggal ndigal te yaru,
ndax ëllëg nga xelu.

21 Bare na lu xol di mébét,
waaye Aji Sax jeey dogal.

22 Li ñu sopp ci nit mooy ngor,
néewle moo gën fen.

23 Ragalal Aji Sax ji ndax nga gudd fan,
noppalu te baña loru.

24 Ab yaafus day yeb loxoom ci ndab,
tàyyi ko yékkati, sex.

25 Boo ñefee ab ñaawlekat, téxét ba jànge ca;
nga yedd kuy dégg, mu xame ca.

26 Kuy yàqal sa baay, di dàq sa ndey,
yaay indi gàcceek yeraange.

27 Doom, soo noppee déglu ku lay yar,
sore nga kàdduy xam-xam.

28 Seedeb naaféq faalewul yoon,
ab soxor lu bon lay tàqamtikoo.

29 Na ñaawlekat bi séentu mbugal;
ab dof, yeti gannaaw.

# 20

1 Naan biiñ ak ñaawle, naan ñoll, tanqale,
ku mu nax xeluwoo.

2 Buur mer lool, mel ni gayndee ŋar;
boo ko merloo, dangay xaru.

3 Moytuw ay, ndam la;
dof boo gis day bëgg xuloo.

4 Ab yaafus du gàbb ba mu jotee,
day wut am ngóob, du am dara.

5 Mébétu jàmbur day teen bu xóot,
ku amug dégg a cay root.

6 Ñu baree ngi naa: «Gore naa,»
waaye kuy boroom kóllëre dëgg?

7 Ku jub, di jëfeg mat,
doom ju la wuutu bég na.

8 Su buur toogee di àtte,
day gis, di ràññee mboolem ayib.

9 Ana ku man ne fóot na xolam,
ba tàggook bàkkaar?

10 Nattu diisaay yu yemul ak lu ni mel,
Aji Sax ji bañ na ko.

11 Gone sax day jëf, nga gis jikkoom;
bu naree dëggu te jub, nga xam.

12 Nopp buy dégg ak bët buy gis,
Aji Sax jee sàkk lu ci nekk.

13 Bul bëggi nelaw, ba ñàkk dab la;
boo njaxlafee, lekk ba desal.

14 Kuy waxaalee ngi naan: «Baaxul de!»
Bu nee wërëñ, di damu naan: «Aka jar!»

15 Wurus am na ak gànjar yu bare,
waaye kàdduy xam-xam a gën per yu jafe.

16 Ku gàddul jàmbur bor, jëlal mbubbam;
tayle ko, moo dige feyal jàmbur.

17 Njublaŋ, lekk, jëkke neex,
mujj mel ni lancub suuf.

18 Pexe, ndigal a koy lal;
xare, ay tegtal.

19 Kuy wër di jëw, wuññi sutura;
ku réy làmmiñ, bul déeyook moom.

20 Ku saaga sa ndey mbaa sa baay
añe lëndëmu bàmmeel.

21 Alal ju gaaw
du mujje barkeel.

22 Bul feyantook ku la tooñ;
dénkul ci Aji Sax ji, mu wallu la.

23 Aji Sax ji bañ na nattu diisaay yu wuute,
njublaŋ ci natti diisaay baaxul.

24 Jéegoy jaam Aji Sax jee ko yor,
kenn xamul foo jëm.

25 Bul gaawtuy digeek Yàlla, di dugal sa
bopp;
bul giñ, di réccu.

26 Buur, bu xeloo, ràññee ku bon,
mbugal ko, te du ko ñéeblu.

27 Xelum nit làmp la bu Aji Sax ji taal,
da koy niital ba ca biir xolam.

28 Ngor ak worma day aar buur,
ngor ay saxal ab jalam.

29 Sagu ndaw, doole ja;
gànjaru mag, bijjaaw ba.

30 Dóor yu la gaañ faj na sag mbon,
ay yar fóot na xolu boroom.

# 21

1 Xolu buur walum ndox la ci loxol Aji Sax ji,
fu ko soob mu jëme ko fa.

2 Lu waay def, daa jub ca moom,
waaye Aji Sax jeey natt xol yi.

3 Deel def dëgg ak lu jub,
moo gënal Aji Sax ji ab sarax.

4 Xeebaateek réy-réylu
mooy bàkkaar yi ñuy ràññee ku bon.

5 Farlu, woomle;
ku gaawtu, mujj néewle.

6 Alal ju la fen may,
cóolóol la, day naaw, wut ko xaru la.

7 Coxor day sànk boroom,
ndax day baña def njub.

8 Ab saay-saay day dëngal,
nit ku dëggu di jubal.

9 Dëkkeb ruq cim sàq
moo gën jabar ju pànk.

10 Ab soxor day namma lore,
te du yërëm moroomam.

11 Boo mbugalee kuy ñaawle, ab téxét jànge ca;
nga jàngal ku rafet xel, mu yokku.

12 Aji Jub ji Yàlla xam na la ne ca biir kër ku bon,
te mooy sànk ku bon.

13 Ku tanqamlu jooyi ku ñàkk
dina woote wall, wall ñàkk.

14 Ku mer, may ko ci sutura, mu giif;
boroom xadar, boqal ko neexal, mu dal.

15 Bu yoon amee, ku jub bég;
kuy def lu bon jàq.

16 Ku noppee jëfe xel,
noppaluji njaniiw.

17 Ku topp sa bànneex, mujje ñàkk;
ku sopp biiñ ak lu niin du woomle.

18 Ku bon këppoo ayu ku baax,
workat gàddu musibam kuy jubal.

19 Dëkke ndànd-foyfoy
moo gën jabar ju tàng, bare ay.

20 Ku xelu denc këram ngëneeli alal aku diw,
ab dof saax-saaxee josam.

21 Ku saxoo njekk ak ngor,
am fan wu gudd, naataangeek daraja.

22 Ku ñaw mana daan jàmbaari dëkk bu mag,
ba màbb tata ja ñu yaakaaroon.

23 Ub sa gémmiñ, moom sa làmmiñ,
mucc ci njàqare.

24 Ku réy te bew, mooy ñaawle,
day reew, ba jéggi dayo.

25 Ab yaafus day bëgg lu mu amul ba dee,
ndax du nangoo liggéey,
26 day yendoo xemmem, te du am;
kay jëfe njekk di joxeeka joxewaat.

27 Saraxu nit ku bon ñaawtéef la,
rawatina bu ci jubloo lu bon.

28 Seede buy fen day sànku,
kuy dégg, sa kàddu sax.

29 Ku bon day ñeme-ñemelu,
ku jub la muy def da koy wóor.

30 Nit xeluwul, amulug dégg ak pexe,
ba manal Aji Sax ji dara.

31 Nit ay takk, bésub xare,
Aji Sax ji di maye ndam.

# 22

1 Jëw bu rafet a gën barele,
wegeel gën xaalis ak wurus.

2 Ku am ak ku ñàkk a bokk lenn:
Aji Sax jee leen boole sàkk.

3 Kuy foog, gisu ay, làqu;

ab téxét ne ca tëñëx, loru.

4 Woyofal te ragal Aji Sax ji,
am alal, gudd fan ak daraja.

5 Yoonu njublaŋ, ay dég aki fiir;
ku sàmm sa bakkan sore ko.

6 Tegal gone ciw yoon;
ba bu màggee, du ko wacc.

7 Ku am ay yilif ku ñàkk,
koo leb di surgaam.

8 Ku ji njubadi, góob fitna,
yet wa muy dóore, damm.

9 Ku tabe am barke,
mooy kiy sédd ku ñàkk cib dundam.

10 Dàqal kuy ñaawle, ay jeex;
xulooki saaga dakk.

11 Ku dëggu, wax ja yiw,
buur di xaritam.

12 Aji Sax jeey sàmm liy dëgg,
di weddi waxi fen-kat.

13 Bul yaafus, ba naan: «Gayndee ngi ci biti,
dañu may rey ci mbedd mi!»

14 Waxi jigéenu njaalookat am yeer la,
ku Aji Sax ji rëbb moo cay tàbbi.

15 Yëfi dof daa sax ci xolu gone,
boo bantalee, mu tàggook moom.

16 Noot néew-ji-doole ngir yokkule,
mbaa may boroom alal,
loo ci def mu wàññi la.

*Fanweeri tegtal a ngii*

17 Teewlul te déglu li boroom xel yi wax.
Defal sam xel ci li ma lay xamal.
18 Soo mokkalee, ba man koo tari,
muy sa mbégte.
19 Yaw laa koy xamal tey jii,
ndax nga wóolu Aji Sax ji.
20 Dama laa bindal fanweeri dénkaane,
ci wàllu ndigal ak xam-xam,
21 ngir xamal la lu wér te dëggu,
nga yóbbaale kàdduy dëgg,
yoo tontoo ña la yebal.

*[1]*
22 Bul xañ néew-ji-doole ndax li muy
néew-ji-doole.
Ku tumurànke, bu ko soxore cib àtte,
23 Aji Sax ji da koy taxawu,
ku ko xañ, mu xañ la bakkan.

*[2]*
24 Bul xaritook ku gaawa mer,
bul ànd ak ku tàng bopp.
25 Lu ko moy nga mel ni moom,
te kon nga lonku.

*[3]*
26 Bul bokk ci ñiy dige,
di gàddul nit bor.
27 Soo amul loo ko feyale,
ñu yékkatee la sab lal, nangu ko.

*[4]*
28 Bul toxal màndargam cosaan ci làccu suuf
te say maam tegoon ko fa démb.

*[5]*
29 Seetlul ku man liggéeyam,
buur lay liggéeyal,
du liggéeyal baadoolo.

# 23

*[6]*
1 Soo bokkeek kilifa ndab,
xamal bu baax ni ngay lekke.
2 Soo dee ku bëgg lekk,
téyeel sa loxo.
3 Bul xemmem daraam lu neex,
ñam woowu la lay naxe.

*[7]*
4 Bul rey sa bopp ci wut alal,
bu ko xalaat sax.
5 Ndax xef ak xippi mu wéy,
mel ni lu saxi laaf,
ne fëyy, naaw ni jaxaay.

*[8]*
6 Ab nay, bul lekke këram,
bul xemmem daraam lu neex.
7 Ma ngay xool la ngay lekk, nu mu tollu,
naan la: «Lekkal, naanal!»
Te xol ba àndu ca.
8 Ndog soo ca lekk, waccu ko,
yiw woo ko wax daldi neen.

*[9]*
9 Bul wax akub dof,
day xeeb sam xel.

*[10]*
10 Bul toxal màndargam cosaan ci làccu suuf,
bul aakimoo suufas jirim.
11 Ki koy aar màgg na,
da koy taxawu, dal ci sa kaw.

*[11]*
12 Defal sam xel ci yar,
te teewlu kàdduy xam-xam.

*[12]*
13 Bul ñéebloo yar gone,
bantal ko taxu koo dee.
14 Soo ko bantalee,
mu mana mucc.

*[13]*
15 Sama doom, soo xeloo,
sama xol neex.
16 Ngay wax njub,
ma bég.

*[14]*
17 Bul ñee bàkkaarkat,
saxool ragal Aji Sax ji,
18 ndax kat moo am muj,
te kon sa yaakaar du tas.

*[15]*
19 Déglul, doom, muusal
te yebu ci yoonu njub.
20 Bul bokk ci ñiy lekk lu ëpp
aka màndi,
21 ndax ku bëgg lekk aka màndi, ñàkk dab la,
dajjant it, rafle rekk.

*[16]*
22 Déglul sa baay bi la jur.
Bu sa ndey màggatee, bu ko sàggane.
23 Jëndal dëgg te bu ko jaay.
Sàkkul xel mu rafet ak yar akug dégg.
24 Su doom jubee, seral xolu baay.
Boo juree ku rafet xel, am nga bànneex.
25 Deel bégal ndey ak baay,
rawatina ndey ji la jur.

*[17]*
26 Doom, teewloo ma xel te roy ma.
27 Ab gànc yeer mu xóot la,
jabaru jàmbur di teen bu xat.
28 Ma ngay tëroo nib sàcc,
góor ñu bare lay fecciloo worma.

*[18]*
29 Ana kuy tiislu, naan: «Wóoy, ngalla man!»
Ana kuy xulooka jàmbat,
di gaañu ci dara,
bët ya xonq curr?
30 Xanaa kiy naan-naane biiñ,
di mosi yeneen njafaan?
31 Bul xool biiñ ak xonqaayam.
Aka yànj cib kaas
te neexa jolu!
32 Bu weesoo mu màtt la ni jaan,
ne la càppit ni ñàngóor.
33 Dangay mel ni kuy gis lu doy waar,
sam xel di ràbb lu jekkadi.
34 Nga mel ni ku tëdd biir géej,
di jaayu ca biir gaal ga,
35 nga naan: «Dañu maa dóor te gaañuwuma,
duma ma te yéguma ko.
Moo! Duma yewwu nag,
ba naaneeti?»

# 24

*[19]*
1 Bul ñee ku bon,
bul wuta ànd ak moom,
2 ndax coxor lay nas ci xolam,
te fitna la ay waxam di yee.

*[20]*
3 Xel mu rafet ay tabax kër,
rafet déggin a koy samp.
4 Xam-xam ay feesal néeg ya
ak mboolem alal ju jafe te yànj.

*[21]*
5 Ku rafet xel di boroom doole,
ku xam, gëna man;
6 tegtal yu xelu lañuy xaree,
diisoo bu yaatooy maye ndam.

*[22]*
7 Wax ju xelu sut nab dof,
jataayu pénc du fa àddoo.

*[23]*
8 Kuy mébét lu bon,
ñu ne yaay rambaaj bi.
9 Pexem dof bàkkaar la,
te kuy ñaawle, ñu sib la.

*[24]*
10 Bu mettee, nga yoqi,
sa doolee néew.

*[25]*
11 Wallul ku ñuy reyi te tooñul,
xettalil kuy tëréf, ñu di ko reyi.
12 Soo nee sa yoon nekku ci it,
kiy natt xol yi, xam na,
moom miy wattu sa bakkan, xam na,
te kat mooy fey nit jëfam.

*[26]*
13 Doom, deel lekk lem, baax na,
lem ju xelli, boo sexee, mu tem-temi.
14 Xamal ne xel mu rafet ni la neexe;
soo xeloo, sa muj rafet,
te sa yaakaar du tas.

*[27]*
15 Soxor bi, bul tëru boroom njekk ci këram,
bul yàq dëkkuwaayam.
16 Boroom njekk day daanu juróom ñaari yoon, jógaat,
ab soxor sërëx ci njekkar.

*[28]*
17 Bu sab noon daanoo, bu ko bànneexoo,
bu tërëfee, bu ko bége.
18 Lu ko moy Aji Sax ji gis la, ñaawlu ko,
daldi giif, dootu ko mbugal.

*[29]*
19 Bu sa xol tàng ci ku bon,
bul ñee ku soxor.
20 Ku bon amul muj,
ku soxor day mel ni taal bu fey.

*[30]*
21 Doom, ragalal Aji Sax ji, wormaal buur.
Bul lëngook kuy fippu.
22 Yàllaak buur a koy bette mbugal,
te kenn xamul musiba mu muy doon.

*Yeneen tegtal a ngii*
23 Lii it ñi rafet xel a ko wax.

Par-parloo cib àtte baaxul.
24 Ku ne defkatu lu bon: «Yaw, tooñoo,»
aw nit móolu la, mbooloo ŋàññ la;
25 ku ko ne: «Yaa tooñ,» yaay baaxle,
taasoo barke bu yaa.
26 Ki lay wax dëgg
sa soppe la.

27 Ruujal sab tool, ji ko,
doora tabax sa kër.

28 Bul tuumaal nit ci neen,
te bu ko seedeel ay fen.
29 Bul ne: «Li mu ma def laa koy def,
damay feyu li mu ma def.»

*Yaafus amul njariñ*
30 Toolub ku yaafus laa jaare,
ak tóokërub nit ku ñàkk bopp.
31 Ndeke lépp a nga saxi dég,
fépp fees akum ñax,
tabaxu doj ba ko wër màbb.
32 Maa ko gis, di xalaat,
xoolaat ko, jànge ca.
33 Booy dajjant aka for bët,
di tegley loxooka jaaxaan,
34 néewlee ngi lay dikkal nib sàcc,
ñàkk gànnaayul la.

# Yeneen kàddu yu xeloo ngii yu tukkee ci Suleymaan

## 25

*(Saar 25—29)*
1 Lii it ay kàddu yu xelu la, di yu
Suleymaan, ay niti Esekiyas buurub Yuda
sotti ko.

2 Màggug Yàllaa ngi ci li mu làq,
darajay buur a ngi ci li mu feeñal.
3 Maneesula daj li ci xelu buur,
xalaatam daa kawe ni asamaan, xóote ni suuf.

4 Xellil xaalis, tonni lu ca rax,
ba ab tëgg man caa am ndab.
5 Ab soxor it, dàqal, mu sore buur,
ngir njubte law, jalam sax.

6 Bul réy-réylu fi kanam buur,
bul tooge jataayu boroom daraja,
7 ndax ñu ne la: «Yéegal, jegesi fii,»
moo gën ñu toroxal la ci kanam kilifa.

Boo gisalee sa bopp it,
8 bul gaawa layooji,
ana nooy def ëllëg, bu ñu la yeyee?
9 Ñaarool ak ki nga joteel,
te bul jéebaane jàmbur.
10 Lu ko moy ñu dégg ko, rusloo la,
sab der yàqu yaxeet.

11 Wax ju ñor di nataalu wurus
wu tege ci xaalis.

12 Kàddu yu lay yedd ci kuy dégg,
jaarob wurus la mbaa gànjaru ngalam.

13 Ndaw lu wóor day seral xolu njaatigeem,
mooy ndox mu sedd ci tàngooru ngóob.

14 Kuy dige te doo joxe,
yaay xiin wu ngelaw, mu naaxsaay.

15 Muñ mer ay nax kilifa,
te wax ju neex, fu mu jaar, mu nooy.

16 Boo gisee lem, lekkal lu yem;
bu ëppee, nga waccu ko.

17 Na sa tànk di gëj kër dëkkandoo;
boo ko sàppee, mu jéppi la.

18 Ku seedeel sa moroom ay fen,
yen nga ko aw njur mbaa saamar mbaa fitt.

19 Bul wóolu workat bésub njàqare,
mooy bëñ bu bon mbaa tànk bu nasax.

20 Kuy woy, boroom tiisu xol di dégg,
yaa futti mbubbam cib sedd,
mbaa nga jonj xorom ci góomam.

21 Bu sab noon xiifee, jox ko mu lekk,
bu maree, may ko mu naan,
22 day rus ba mel ni koo yeni xal,
te Aji Sax jee lay fey.

23 Jëw, mer a cay topp;
mooy ngelawal taw, taw a cay topp.

24 Dëkkeb ruq cim sàq
moo gën jabar ju pànk.

25 Xibaaru jàmm, bawoo fu sore
mooy ndox mu sedd ci ku loof.

26 Ku jub bu dee nangul ku bon, yàqu na,
ni seyaan bu nëx mbaa teen bu xàbb.

27 Lekk lem ju ëpp baaxul,
te wut waaw-góor du ngóora.

28 Ku dul ànd ak sa sago,
yaa neexa song ni dëkk bu dara wërul.

# 26

*Ràññeel ab dof*

1 Teraanga jekkul cib dof,
mooy seddub nawet mbaa taw cim ngóob.
2 Ñaan-yàlla, soo tooñul, du la dal,
day mel ni picc muy naaw, tëë toŋ.
3 Xiir, aw fas; laab, mbaam;
yetu gannaaw, ab dof.
4 Bul topp ab dof cig ndofam,
lu ko moy nga mel ni moom.
5 Waaye toppal ab dof cig ndofam,
lu ko moy mu defe ne daa muus.
6 Ku yóbbante ab dof kàddu,
yaa woo fitna, gor say tànk.
7 Kàddu gu xelu ci gémmiñug dof,
mooy tànki lafañ, amalu ko njariñ.
8 Kuy teral ab dof,
jël ngaw doj, takk ko ci mbaq.
9 Kàddu gu xelu ci gémmiñug dof
mooy car aki dégam, màndikat xàcc.
10 Njaatige luy liggéeyloo ab dof ak kuy romb,
daa mel ni fittkat buy gaañ ku ne.
11 Dof day def jëfi dof, dellu ca,
mooy xaj, bu waccoo, lekkaat ko.
12 Ana koo gis mu ne: «Maa xelu»?
Kooku ab dof a ko gën demin.

*Ab yaafus a ngii*

13 Ab yaafus da naan: «Gayndee ngi ci yoon wi!
Gayndee ngi ci mbedd mi!»
14 Ab yaafus day tëdd aka walbatiku,
mooy bunt, day jaayu, demul fenn.
15 Ab yaafus day yeb loxoom ci ndab,
waaye yékkati ko, sex, da koy sonal.
16 Ab yaafus day foog ne moo gëna muus
juróom ñaari boroom xel yu xam tont.

*Ay nit ñuy loree ngii*

17 Kuy xuloo lu sa yoon newul,
yaa jàpp ci noppi xaj buy romb.
18-19 Nit kuy naxe,
naan: «Damay fo!»
yaay dof buy sànniy jum,
di fitteeka reye.
20 Bu matt amul, ab taal fey,
fu soskat amul it, xuloo jeex fa.
21 Këriñ defi xal, matt xambub taal,
ab xulookat di xambu ay.
22 Waxi jëwkat di ñam wu neex,

wuy seey, jàll ca biir-a-biir.
23 Kuy wax lu neex, tey mébét lu bon,
yaay xaalis bu rax, ñu xoob ca ndabal
xandeer.

24 Ab noon làqoo na ay waxam,
lal pexey wor ca xolam.
25 Buy wax lu neex, bul gëm,
ñaawtéef la xol ba fees dell.
26 Su la nëbbalee mbañeel, di la nax it,
ag mbonam mujj bir ñépp.

27 Ku gasal nit am yeer, yaa cay daanu;
ku béraŋu doj, ngir tance, yaay tancu.
28 Kuy fen, dangaa bañ ka nga fenal,
te boroom làmmiñ wu neex day sànke.

# 27

*Yeneen diglee ngi*

1 Bul damoo ëllëg,
ndax xamoo luy xew tey.
2 Bul tëggu, bàyyil ñu tagg la,
muy waxi keneen; yaw, bu ko wax.

3 Doj diis na, suuf dib sëf,
waaye fitnay dof a ko raw.

4 Xadar day ñàng, mer di wal mu baawaan,
waaye fiiraange amul moroom.

5 Artu yu ñu la biralal
moo gën cofeel gu la boroom ñooru.
6 Soppe, bu lay gaañ sax, wóolu ko.
Nit bañ na la, te di la fóon lu bare.

7 Ku suur, bañ lem ju xelli,
waaye boo xiifee, lu wex lu ne neex la.

8 Ku sore fa nga bokk,
dangay mel ni picc mu sore tàggam.

9 Diwook suuru day naatal xol;
waaye li neex cib xarit, xol la lay digale.

10 Bul fàtte sab xarit mbaa sa xaritu baay,
boo jàqee, bul seeti sa mbokk;
dëkkandoo bu jegee gën mbokk mu sore.

11 Muusal, doom, ma bég,
ba mana tontu ku ma sikk.
12 Kuy foog, gisu ay, làqu;
ab téxét ne ca tëñëx, loru.

13 Ku gàddul jàmbur bor, jëlal mbubbam;
tayle ko, moo dige feyal jàmbur.

14 Nuyoo bu xumb, suba teel
mooki saagaa yem.

15 Jabar ju pànk
mooy senn bu dakkul, cib taw;
16 ku ko mana yemale,
mana téye ngelaw mbaa nga ŋëb ag diw.

17 Weñ ay nàmm weñ,
nit ay nàmm xelu moroom ma.

18 Ku aar garab, lekk ca doom ya;
ku toppatoo sa sang, am ngërëm.

19 Ku xool cim ndox, gis sa kanam,
nga xool sab xol, gis sa jikko.

20 Njaniiw ak biir suuf du fees,
bët it du doylu mukk.

21 Xaalis ak wurus sawaraa koy xelli,
waaye àtteb nit ca taggam.

22 Soo jëloonub dof, yeb ci gënn,
booleek pepp, wol,
du tax ndof ga deñ.

23 Xamal bu baax lu say gàtt nekke,
te def sa xel ci say gétt,
24 ndax alal wéyul fàww,
ag pal du ñeel sëtoo sët.
25 Gannaaw bu ñu gubee,
ba ñax saxaat,
ñu dajale ngooñ ma ca tund ya*,
26 say xar da lay amal koddaay,
bëy yi génneel la njëgu tool.
27 Meewum bëy daldi am, ba doy la dund,
yaak sa waa kër
ak sa surga yu jigéen.

# 28

1 Ku bon daw na te dàqeesu ko,
ku jub ñeme ni gaynde.

* 27.25 Ca Israayil tund yaa ëpp lu muy taw, te fa la ñax ma ëppe.

2 Bu am réew dee fippu, kilifa ya bare;
réew mu jàmm sax, kilifa gaa am déggin ak xam-xam.

3 Ku ñàkk, su jekkoo ab ndóol,
du ko bàyyil fepp, day mel ni waame.

4 Ku wacc yoon, gërëm ku bon;
ku wormaal yoon, jànkoonteek ku bon.

5 Ku bon xamul njub,
kuy wut Aji Sax ji, xam nga njub bu wér.

6 Ñàkk te mat
moo gën barele te dëng.

7 Gone gu sàmm yoon am nag dégg,
ku ànd ak sagaru nit gàcceel sa baay.

8 Kiy leble di tege, ba barele,
kay yéwéne néew-ji-doole lay dencal.

9 Soo dee tanqamlu yoon,
sag ñaan sax Yàlla suur na ko.

10 Ku yóbbe bàkkaar nit kuy jubal,
yeer ma nga gas, yaa cay tàbbi,
waaye ku mat di jagoo ngëneel.

11 Waay a ngi barele, defe ne xelu na;
ku néewle amug dégg, gis ne xeluwul.

12 Bu kuy jëfe njekk amee ndam, mbégte mu réy la;
ab soxor falu, ñépp làquji.

13 Kuy làq say tooñ doo baaxle,
ku koy nangu, tuub ko, am yërmandey Yàlla.

14 Mbégte ñeel na ku saxoo ragal Yàlla,
waaye ku dëgër bopp tàbbi ci njekkar.

15 Kilifa guy soxore néew-ji-doole
mook gaynde guy yëmmoo yem, mbaa rab wuy songe.

16 Kilifa gu amulug dégg, day foqati rekk,
waaye ku bañ lu lewul, gudd fan.

17 Ku bóom nit, daw, ba tàbbi njaniiw;
bu ko kenn taxawu.

18 Mat, mucc;
dëng, dàll daanu.

19 Beyal sab tool, sab dund doy;
topp ay caaxaan, ndóol ba doyal.

20 Boroom worma, bare barke;
ku yàkkamtee woomle, sa mbugal du jaas.

21 Par-parloo baaxul,
waaye dogu mburu moyloo na kilifa.

22 Ab nay day yàkkamtee barele,
te xamul, ba ko ñàkk di dab.

23 Boo artoo nit, mu baaxe la ëllëg;
yaa koy gënal ku ko doon jay.

24 Ku xañ say waajur seen alal
te defe ne tooñoo,
yaa neexook saay-saayu yàqkat.

25 Ku bëgge day sooke ay,
te ku wóolu Aji Sax ji, woomle.

26 Ku doyloo sam xel, dof nga;
ku jëfe xel mu rafet, mucc nga.

27 Kuy jox néew-ji-doole, doo ñàkk;
nga gëmm ne gisoo, bare ku la móolu.

28 Bu ab soxor faloo, ñépp làquji,
bu daanoo, kuy jëfe njekk teg tànk.

# 29

1 Ku ñuy artu, nga të ticc,
dangay jekki yàqu, ba wees am paj.

2 Kuy jëfe njekk falu, baadoolo bég;
ab soxor jiite, baadoolo binni.

3 Kuy jëfe xel, bégal sa baay;
nga ànd aki gànc, yàq alal.

4 Buur jub, am réew dëgër;
mu bëggi galag, réew ma sànku.

5 Kuy jay sa moroom,
yaa ngi koy dugal.

6 Ku bon day moy, ba dugal boppam;
ku jub di woy aka bànneexu.

7 Boroom njekk a xam àqu néew-ji-doole,

ab soxor xamu ca dara.

8 Ñaawlekat a ngi taal ab dëkk,
ku xelu di giifal mer.

9 Boroom xel, buy layookub dof,
bu mereek buy ree, jàmm du am.

10 Ab bóomkat day sib ku mat,
di wuta bóom kuy jubal.

11 Ab dof day mer, sàmbaar;
ku xelu, mer, ànd ak sagoom.

12 Kilifa dégluy fen,
jawriñ yépp di ñu bon.

13 Ku ñàkk ak ka ko nennoo bokk lenn,
Aji Sax jee leen boole sàkk.

14 Buur àtte way-ñàkk ci dëgg,
ab jalam sax.

15 Deel bantal aka yedde, day rafetal xel;
gone goo bay-bayal, mu gàcceel ndeyam.

16 Bu ku bon féetee kaw, ag moy law,
waaye kiy jëfe njekk ay fekke jéllam.

17 Yaral sa doom, mu noppal la,
bànneexal la.

18 Fu Yàlla feeñoowul, nit ña fétteeral,
waaye ku topp yoon, am mbégte.

19 Waxi neen yarul surga,
da lay dégg te du la déggal.

20 Ana koo gis, mu rattaxle?
Kooku ab dof a ko gën demin.

21 Ku yàq sab surga ba muy ndaw,
bu ëllëgee mu defe ne doom la*.

22 Boroom xadar day sooke ay,
te ku tàng bopp moy, moyati.

23 Réy-réylu, detteelu rekk;
woyofal, ñu naw la.

24 Ku ànd akub sàcc, sa noonu bopp nga:
soo waxee dëgg, yoon topp la;
soo ko miimee, Yàlla topp la†.

25 Ragal nit dugal sa bopp la,
ku wóolu Aji Sax ji, fegu.

26 Ñu baree ngi sàkku kilifa baaxe leen,
moona Aji Sax jeey àtteb jaam.

27 Ku jub day sib ku dëng,
ku bon sib kuy jubal.

## Kàddu yi Agur wax

# 30

*(Saar 30)*

1 Lii waxi Agur la, góor gay doomu Yake
mu Maasa*. Góor ga daa wax ak Itiyel,
wax ak Itiyel ak Ukal. Mu ne:

2 Maa dofe dëgg, ba yées ci nit ñi,
dég-dégu nit sax awma ko.
3 Jànguma, ba am xel mu rafet,
awma xam-xam ci Aji Sell ji.

4 Ana ku yéegoon asamaan, ba wàcc?
Mbaa mu masa ŋëb ngelaw ciy loxoom?
Ana ku masa ëmb ndox ci ndimo?
Mbaa mu rëdd mboolem kemi àddina?
Nu mu tudd ak nu doomam tudd?
Wax ma, yaw mi ko xam!

5 Lu Yàlla wax, mat na sëkk,
mooy yiir ku ko làqoo.
6 Bul yokk ay waxam,
mu weddi say fen, nga weeru.

7 Éy Yàlla, ñaar laa la ñaan,
ngalla may ma ko sama giiru dund:
8 caaxaan aki fen, yal na ma sore,
néewleek barele, bu ma ci may lenn,
leel ma lu ma doy;
9 lu ko moy ma regg, weddi la,
ba naan: «Kuy Aji Sax ji?»
Mbaa ma ñàkk bay sàcc,
di la ñàkke worma, yaw sama Yàlla.

10 Bul sikkal ab surga ca njaatigeem,

* **29.21** Mbaa: *bu ëllëgee mu jaaxal la.* † **29.24** ***Yàlla topp la:*** seetal ci *Sarxalkat yi* 5.1: *Bu nit bàkkaaree ndax lu mu dégg wooteb seede cib àtte, ba noppi baña wax la mu gis mbaa mu xam ko ca mbir ma, dees na ko ko topp.* * **30.1** ***Maasa,*** béreb la bu genn giirug Israayil sancoon ca bëj-gànnaaru Arabi.

da lay ñaan-yàlla, mu dal la.
11 Ag maas a ngi saaga baay,
te wormaaluñu ndey.
12 Ag maas a ngi defe ne set nañu,
te taq ripp ak bàkkaar.
13 Ag maas a ngi daŋŋiiral;
aka ñoo mana xeeloo!
14 Ag maas a ngi, seeni sell niy saamar,
seeni gëñ niy paaka,
ñuy lekk néew-ji-doole, ba raafal leen ci réew mi,
ba ku ñàkk jeex ci biir nit ñi.

*Ay kàddoo ngii yu ànd ak lim*

15 Saxu watar† du suur, ñaar ñu jigéen la am:
Jox Ma ak Jox Ma.

Ñett a ngii ñu dul suur,
ba ci ñeent ñu dul ne doy na mukk:
16 njaniiw,
jigéen ju jaasir,
suuf, du màndi ndox,
sawara, du ne doy na mukk.

17 Kuy xeelu sa baay,
di siidee déggal sa ndey,
baaxoñ génne ciw xur, luqi sa bët,
tan ya lekk.

18 Ñett a ngii, yéem na ma,
ba ci ñeent yu ma xamul:
19 yoonu jaxaay ci asamaan,
yoonu jaan ci kawi doj,
yoonu gaal ci diggu géej,
yoon wi góor di jaar as ndaw.

20 Jikkoy jigéenu moykat a ngii:
day lekk, wommiku, te naan:
«Defuma dara lu aay!»

21 Ñett a ngii, day yëngal suuf,
ba ci ñeent yu suuf àttanul:
22 jaam bu falu buur,
dof bu regg,
23 ndaw su bon su for jëkkër,
jigéen ju wuutu sangam bu jigéen.

24 Ñeent a ngii, di lu tuut ci kaw suuf,
te am xel, yaroo xel:
25 xorondom, néew na doole,
waaye bu jotee, mu denc dundam;
26 daman‡, barewul kàttan,
te day dëkk ciy doj;
27 soccet, amul buur,
teewul ñuy àndandoo, diy gàngoor;
28 sindax, manees na koo ŋëb,
teewul ma nga biir kër buur.

29 Ñett a ngii, ñu jekkum ndaag,
ba ci ñeent ñu jekk doxin:
30 gaynde, mooy buuru rab yi,
ragalul kenn;
31 séq daagu, jekk taxawaay;
ab sikket,
ak buur ci biiri dagam.

32 Boo sàgganee bay tëggu,
mbaa ngay mébét lu bon,
nanga téye saw làmmiñ.
33 Ndax ku ruux soow, am ca dax,
ku wañaar bakkan, mu nàcc,
te lu jógal xol, indiw ay.

# Buur Lemuyel a ngi yeete

## 31

*(Saar 31)*

1 Lii waxi Lemuyel la, buuru Maasa*, te ndeyam jàngal ko ko. Mu ne:

2 Ngóor si doom, saa doomi bopp!
Yaa di ñaan gu nangu, doom!
3 Bul jox jigéen ñi sa doole,
bul jox say siddit jigéen ñiy sànk buur.
4 Buur moomul di naan biiñ, Lemuyel,
buur moomu ko;
kilifa moomul di sàkku ñoll.
5 Lu ko moy mu naan, ba fàtte lu yoon tëral,
xañ néew-ji-doole ju ne àqam.
6 Bàyyeel ñoll kuy sànku,
bàyyeel biiñ boroom naqar.
7 Bu ñu naanee, fàtte seen néewle,
ba dootuñu fàttaliku seenu tiis.

8 Nanga àddul ku amul kàddu,
ku sësul fenn, nga ñoŋal àqam.
9 Deel àddu, di àtte njub;
ku ñàkk ak ku néewle, nga sàmm àqam.

*Jeeg bu ragal Aji Sax ji nii lay mel*

---

† **30.15 *watar*** sax la wu nekk ci ndox, di manq deret. ‡ **30.26 *daman*** xaw naa nirook njomboor. * **31.1 *Maasa,*** béreb la bu genn giirug Israayil sancoon ca bëj-gànnaaru Arabi.

10 Jeeg bu jàmbaare, ndaw lu jafe,
ba rawati gànjar!
11 Jëkkër ja da koy wóolu,
te jëkkër ja day am xéewal, du ko ñàkk.
12 Day defal jëkkëram lu baax, du ko lor,
te di ànd ak bakkan.
13 Day wut kawari gàtt aki wëñ,
di ca liggéeye mbégte.
14 Day mel ni gaalu jula,
di jëli dundam fu sore.
15 Day jóg te bët setul,
di waajal njëlu njabootam,
aka sas ay janqam.
16 Day seetlu ab tool, jënd ko,
sàkk ciw ñaqam, jëmbat tóokër.
17 Day gañu di góor-góorlu
aka dëgëral përëg ya.
18 Day gis njartel liggéeyam,
te làmpam du fey guddi.
19 Ma ngay yor poqe
ak këccu, di ëcc.
20 Day jox ku ñàkk,
di sàkkal néew-ji-doole.
21 Tiitul ci njaboot gi sedd bu metti,
ndax ñoom ñépp ay tegley yére.
22 Mooy sàkkal boppam ay malaan,
ay yéreem mucc ayib te yànj.
23 Dees na ràññee jëkkëram ca pénc ma,
fa muy toog ca magi réew ma.
24 Ndaw su ni mel day ràbb ay yére, di jaay,
aki gañaay, di jox jaaykat yi.
25 Faaydaak jom la làmboo,
te ëllëg ubul boppam.
26 Day wax lu xelu,
di digle ngor.
27 Jigéen jooju mooy bàyyi xel ci
njabootam,
te du nangoo yàccaaral.
28 Doom ya dañu ko naan: «Jarawlakk!»
Jëkkër ja di ko gërëm naan:
29 «Jeeg bu jàmbaare bare na,
waaye yaw, yaa ci raw.»
30 Melokaan wu jekk day naxe, taar day
wéy,
waaye jigéen ju ragal Aji Sax ji,
kookoo jara gërëm.
31 Joxleen ko njukkalu ñaqam,
jëfam di woyam ca pénc ma.

# Kàdduy waare
## muy téere bu ëmb ay gëstu ci solos dundu nit

Suleymaan mooy ki ñu cosaanale téere bii. Ci ay jaar-jaar aki gëstuy boppam la sukkandiku, ba gis ne àddina naxi neen la, cëslaayal mbég dëgërul, te coono bi nit ñiy sonn ngir am mbégte, ñaare jaru ko. Gannaaw gi, mu biral na ab àtteem ci solos dundu nit. Mu ne: «Ma daaneele fii, ndax déggees na lii lépp: Yàlla, ragal ko; ay santaaneem, jëfe ko; loolu rekk mooy nit.» (12.13).

Ci tënk:

1.1-11 Àddina day wëndeelu rekk ci neen.
1.12—2.23 Lu jëm ci dund gu lënt.
2.24—12.8 Njariñ, fa Yàlla.
12.9-14 Àtteb àddina mooy ragal Yàlla te déggal ko.

*Ubbite gi*

1 Lii kàdduy waarekat baa, di doomu Daawuda te di buurub Yerusalem.

*Luy solos àddina?*

2 Cóolóoloo cóolóol, waru waarekat ba,
cóolóoloo cóolóol,
léppi cóolóoli neen.
3 Ana sax luy njariñu doñ-doñoo doñ-doñ
ju nit di doñ-doñi fi kaw dun bi?
4 Ag maas wéy, ag maas teew;
àddina sax ba fàww.
5 Jant fenk, so,
ne coww dellu fa muy fenke.
6 Ngelaw jëm bëj-saalum,
wiiri jëm bëj-gànnaar,
di wiir aka wiiraat,
di delluy wëndeelu, topp yoonam.
7 Dexoo dex wal, wuti géej,
te taxul géej fees.
Fa dex wal jëm,
fa lay walati, jëm.
8 Jëfoo jëf ca jëfit,
làmmiñ tuddul lépp,
bët du suur,
nopp du buur.
9 Lu ayoon mooy ayati,
lu ñu jëfoon moom lañuy jëfati.
Dara yeesul fi kaw suuf.
10 Lëf a ngii, nit naa:
«Lii de lu bees la,»
te mu ngi fi woon lu yàgg,
lu jiitu sunu juddu.
11 Kenn du fàttaliku ñi jiitu,
ñiy ñëwit,
ñi leen topp duñu leen fàttaliku.

## Ma seet lu ma doy

*(Saar 1.12—2.23)*

*Rafet xel doyul*

12 Man waarekat bi,
buurub Israayil laa woon ci Yerusalem.
13 Damaa dogu ne damay gëstu,
teg ko ci xel mu rafet, di settantal
mboolem lu nit def fu jant bi tiim.
Ndaw sas wu tiis wu Yàlla sase,
ñu war koo sasoo!
14 Gis naa jépp jëf ju jëfe ci kaw suuf,
ndeke lépp cóolóoli neen la ak nappum ngelaw.
15 Lu wañaaru, maneesu koo jubbanti;
lu teewul, maneesu koo lim.

16 Damaa wax ci saam xel naa:
«Man de, maa ngii di gëna xelu,
ba sut ku ma jiitu ci jalub Yerusalem.
Damaa xuus ci xel mu rafet ak xam-xam.»
17 Noonu dogu naa xam luy xel mu rafet,
xam luy nitoodi akug ndof.
Fekk loolu it nappum ngelaw la.
18 Ku géejal xel mu rafet, géejal naqar;
yokku xam-xam, yokku tiis.

# 2

*Bànneexu neen doyul*

1 Saam xel da ne:
«Xaaral rekk, ma natt bànneex,
ñam lu neex ba xam.»
Ndeke loolu it, cóolóoli neen.
2 Ma ne: «Reetaan ag nitoodi la;
te mbégte lu muy jariñ?»
3 Saam xel ne ma, ma naan biiñ boog, bégloo,
ba mel nib dof,
tey ànd ak sama xel,
ba gis lu ci baax,
ba doom aadama di ko def,
giiru dundam fi ko jant bi tiim.

4 Damaa liggéey lu réy.
Tabaxlu naa samay kër,

jëmbat sama toolub reseñ.
5 Ma sàkki tóokër aki tool,
jëmbat ca garab yuy meññ lu ne,
6 sàkklu samay déeg,
di ko suuxate, garab ya naat.
7 Ma jëndi jaam, góor ak jigéen;
ñu ami doom ci kër gi.
Ma am jur gu ne gàññ, gu gudd ak gu gàtt,
ba ëpple ku ma jiitu ci Yerusalem.
8 Ma dajale sama xaalis ak sama wurus,
moom alali buur yeek diiwaan yi ma yilif,
tabb samay woykat, góor ak jigéen,
boole ci bànneex bi ci jabari jabar.
9 Ma am doole, yokku,
ba sut ku ma jiitu ci Yerusalem,
te teewul may jëfe xel.
10 Lépp lu saay gët masaa xemmem,
xañuma ko sama xol.
Bañaluma sama bopp benn bànneex,
xanaa di bége lu ma liggéey,
yooloo ko la ma liggéey.
11 Ma xoolaatal sama bopp
lépp lu ma sottal,
doñ-doñi ko, ba sottal,
ndeke lépp, cóolóoli neen ak nappum
ngelaw.
Nit gisul njariñ ci kaw suuf.

*Rafet xel fanqul dee*
12 Ma geesu xoolaat xel mu rafet,
xool ag nitoodi akug ndof.
Ana ku may wuutuji ci nguur gi,
lu muy def lu moy lu ñu daan def?
13 Ma gis ne ni leer ëppe lëndëm njariñ,
ni la xel mu rafet ëppe ndof njariñ.
14 Ku xelu day xool fa muy jaare,
dof biy tëñëx-tëñëxi cig lëndëm.
Ma ne moona ñoom ñaar a bokk dogal
moos.
15 Ma xalaataat, saam xel ne ma:
«Dof bi noonu, man it noonu;
ana lu may xeloo xelu doye?»
Saam xel ne ma loolu it, cóolóoli neen.
16 Ku xelook ku dof, du yàgg ñu fàtte la;
ay bés yu néew, ñu fàtte lépp.
Acam! Dof, dee; rafet xel, dee.

17 Ma far bañ àddina.
Ndaw naqar ci jëfi kaw suuf,
te lépp di cóolóoli neen ak nappum ngelaw!
18 Sama doñ-doñ ji fi kaw dun bi génnliku
na ma,
dama koy wacce ka may wuutuji rekk,
19 xameesul ku xeloom ku nitoodi lay
doon,
mooy moom lu ma doon doñ-doñi,
te sama manoore manaloon ma ko fi kaw
dun bi.
Loolu it, cóolóoli neen.
20 Sama xol a jeex ci doñ-doñ ju ma
doñ-doñi fi kaw dun bi.
21 Nit a ngi doñ-doñee xel, xam-xam ak
manoore,
te ku doñ-doñiwuloon lay wacce alalam.
Loolu it, cóolóoli neen ak naqar wu réy.

22 Ma ne ana lu nit di jariñoo
ci doñ-doñ ak xalaatu xol yi muy
doñ-doñaale fi kaw dun bi?
23 Ndegam day yendoo tiis ak naqaru
tës-tës,
ba far fanaanoo xel mu dalul.
Loolu it, cóolóoli neen.

## Njariñ, fa Yàlla

*(Saar 2.24—12.8)*

*Jàmm, fa Yàlla*
24 Kon nit amul lu gën di lekk aka naan,
di bànneexoo ñaqam.
Ma gis ne loolu it Yàllaa koy maye.
25 Ana kuy lekk aka bànneexu, te du Yàlla?
26 Yàlla de, ku mu gërëm,
xelal ko, xamal ko, bégal ko;
bàkkaarkat bi, Yàlla teg ko,
muy denc aka dajale, ka mu gërëm jël.
Loolu it di cóolóoli neen ak nappum
ngelaw.

# 3

*Jamono, Yàlla*
1 Lu nekk ak jotam,
jot gu nekk ak la ca war fi jant bi tiim.
2 Day jot nga juddu, mu jot nga dee;
mu jot nga jëmbat, mu jot nga buddi.
3 Mu jot nga rey, mu jot nga faj;
mu jot nga toj, mu jot nga tabax.
4 Mu jot nga jooy, mu jot nga ree;
mu jot nga ñaawlu, mu jot nga dukkat.
5 Day jot nga sànniy doj, mu jot nga dajale;
mu jot nga fóon, mu jot nga baña fóon.
6 Mu jot nga sàkku, mu jot nga ñàkk;
mu jot nga sàmm, mu jot nga xalab.
7 Mu jot nga xar, mu jot nga gaar;
mu jot nga selaw, mu jot nga wax.

8 Mu jot nga sopp, mu jot nga jéppi;
mu jot nga xare, mu jot nga jàmmoo.

9 Ana lu liggéeykat biy jariñoo ciw ñaqam?
10 Gis naa ne sas la bu Yàlla sase,
nu war koo sasoo.
11 Lépp la Yàlla def,
ba bu jotee rafet.
Moo may nit muy njort ëllëg,
te taxul mu mana rààññee jëf ji Yàlla jëf,
njàlbéen ba muj ga.
12 Ma gis ne nit amul lu gën
bànneex ak jàmmi bakkan cig dundam,
13 te nitoo nit, su dee lekk aka naan,
di ñaq, jariñoo,
loolu mayu Yàllaa.
14 Ma xam ne lu Yàlla def,
loola day sax ba fàww.
Deesu ci yokk, mbaa di wàññi dara;
Yàllaa ko def, ngir nit di ko wormaal.
15 Lu ay tey, ayoon na,
lu ay ëllëg it ayoon na.
Yàllaay namma indi la woon.

## *Yaakaar feyul boroom*

16 Ma dellu gis fi kaw suuf ne:
«Fu yoon moom, fa la njubadi ne,
fa njub moom it, fa la njubadi ne.»
17 Saam xel ne ma:
«Ku jub ak ku bon la Yàlla di boole àtte,
ngir mbir mu ne ak jëf ju ne ak bésam.»
18 Saam xel neeti ma:
«Nun doom aadama, Yàllaa nuy nattu,
nu gis ne ay mala doŋŋ lanu.»
19 Dogalu doom aadama ji
ak dogalu mala mi,
benn dogal bee;
ni kii di deewe la kee di deewe,
genn noo gee, nu bokk ko.
Lu nit ëpplee mala, neen na,
ñoom ñépp, cóolóoli neen.
20 Ñoom ñépp a bokk jëm benn béreb ba,
bokk jóge pëndub suuf,
bokk dellu suuf.
21 Ana ku mu wóor ne
bakkanu nit day yéeg asamaan,
bakkanu mala tàbbi suuf?
22 Ma gis nag ne nit amul lu gën
di bànneexoo ñaqam, loolooy wàllam.
Ana ku koy xamal gannaawam?

# 4

## *Alal doyul boroom*

1 Ma seetlooti gépp nootaange gu am fi
kaw suuf.
Ndeke néew-doolee ngi jooy,
amul ku ko dëfal.
Ki koy noot a am doole,
te néew-doole ji amul ku ko dëfal.
2 Dama ne ndokkalee, yeen ñi dee jeeg,
nde raw ngeen ñiy dund!
3 Ki leen taneeti yeen ñépp di ki juddoogul
sax,
moom mi gisul jëf ju bon fi kaw suuf.

4 Ma gis ne nit ak kër-këram jépp
ak bépp manoorey liggéey,
iñaanantee ko waral.
Loolu it, cóolóoli neen ak nappum ngelaw.
5 Dof banki loxoom, sànk boppam.
6 Waaye benn ŋëb bu ànd ak dal
moo gën ñaari ŋëbi doñ-doñ ci nappum
ngelaw.

## *Wéttalikoo gën wéet*

7 Ma seetlu leneen luy cóolóoli neen fi kaw
suuf.
8 Kenn a ngii, kenn ñaareelu ko,
du doom, du mbokk.
Doñ-doñam du dakk, te du doylu,
mujj mu naan: «Kan laay doñ-doñil,
di xañ sama bopp bànneex?»
Loolu it, cóolóoli neen, di sas wu tiis.

9 Ñaar a man kenn;
doñ-doñoondoo, yoolu bu baax.
10 Kenn daanu,
moroom ma may ko loxo.
Waaye ngalla ku daanu
te amuloo ku la may loxo!
11 Bu ñu tëddee di ñaar it,
mana bokk nugglu.
Waaye soo dee kenn, nooy nuggloo?
12 Fu ñu mane kenn,
ñaar taxaw fa, jéngu,
te buumu ñetti xànc gaawula dog.

## *Kilifteef saxul*

13-14 Kuy ndaw, génne kaso,
tàmbalee nguuru fa mu juddoo woon
mbaadoolo,
ndaw loolu su dee baadoolo te xelu it,
moo gën buur bu màggat, dofe, dégguli
artu.

15 Ma gis mboolem luy dund
tey dox fi kaw suuf,
di topp ndaw la wuutu buur.
16 Mbooloo ngii mu janool,
bare lool ba wees ab lim,
te ña leen wuutu bégewuñu ki wuutu buur.
Loolu it di cóolóoli neen ak nappum ngelaw.

*Ragalal Yàlla*
17 Moytul sa bopp booy dem kër Yàlla.
Duggal te déglu,
bala ngay def saraxi dof bu xamul ne mu ngi def lu bon.

# 5

1 Bul rattax làmmiñ,
bul gaawa dikke Yàlla mbir.
Yàllaa ngi kaw asamaan,
yaw yaa ngi fi suuf.
Kon na say kàddu néew.
2 Bu xalaat baree, indi gént;
bu wax baree, waxi dof jib.
3 Boo digook Yàlla,
bu ko yeexe.
Daray foontukat neexul,
defal li nga dige.
4 Baña digee gën dige loo deful.
5 Bu la sa làmmiñ yóbbe bàkkaar,
ba ngay layal ndawal Yàlla la, naan lii njuumte la woon.
Ana lu jar Yàlla di la meree sa kàddu,
bay neenal saw ñaq?
6 Wax ju bare, caaxaani neen;
mook gént yu baree yem.
Kon, Yàlla, ragal ko.

*Nguur bare na àq*
7 Boo gisee ñuy noot néew-ji-doole,
di jalgati dëgg ak yoon cib gox,
bumu la jaaxal;
kilifa gi, kilifaam a ko yiir;
ñoom it seen kilifaa leen yiir.
8 Xanaa ndax buur suqal mbey mi,
ba ñépp jariñoo suuf si.

*Alal coono la*
9 Bëggkatu xaalis du doyal xaalis,
bëggkatu alal du doyal tono,
te loolu it, cóolóoli neen.
10 Bu koom yokkoo,
ña cay lekk yokku.
Ana lu muy jariñ boroom koom ga,
xanaa di ko duufale bëtam?

11 Surga, lekkam néew, bare,
mu nelaw, ba fàttey boram;
boroom alal regg,
du noppalu, du nelaw.

12 Naqar wu rééy laa gis fi kaw suuf:
alal ju boroom dajale ba loru,
13 mbaa pexeem moy, mu sànkule;
ba bu amee doom it, du ko wacce dara.
14 Nga juddoo ci sa ndey loxoy neen,
walbatiku dellu na nga dikke woon.
Du dara loo ñaqoon ba yóbbaale ko.
15 Dikke ni, delloo ni,
loolu it tiis wu rééy la.
Doñ-doñi, ngelawal neen,
ana jariñ la?
16 Ngay dunde tiis bésoo bés,
ak naqar ak wopp ak xol bu tàng!

*Bànneexu bakkan, Yàlla*
17 Lii daal laa ci gis, man.
Li gën te jaadu ci nit: na lekk, naan
te bànneexoo ñaqam wu mu ñaqe kaw suuf
giiru dund gi ko Yàlla may.
Loolu mooy céram.

18 Alal ak koom, ku ko Yàlla may,
may ko mu tal koo xéewloo,
mu nangu céram, bànneexoo ñaqam,
loolu mayu Yàllaa.
19 Yàllaa koy bànneexal,
ba du tiisoo ay fanam.

# 6

*Alal, na la jariñ*
1 Aw tiis a ngi wu ma gis fi kaw suuf,
di tiis wu diis doom aadama:
2 nit ku Yàlla may alal, koom ak daraja,
te mboolem lu mu namm, ñàkku ca lenn,
waaye Yàlla mayu ko mu tal caa lekk,
xanaa jàmbur di ko xéewloo—
loolu cóolóoli neen la, di naqar wu tar.

3 Ku giir téeméeri doom,
dund ati at,
ak lu at ya baree bare,
su bégewul teraanga ja mu am
te amul njëgu bàmmeelam sax,
kooku lumb wu tuuroo ko tane.

4 Lumb wa ñëw na moos ci neen,
bàddoo lëndëm, turam sàngoo lëndëm.
5 Gisul jant, xamu ko,
waaye noflaay moo ko ëpple mag ma,
6 bu dundoon junniy junniy at sax
te amul jàmm.
Xanaa du benn béreb la ñépp jëm?

7 Nit ak doñ-doñam jépp, biiram,
te taxul mu doylu.
8 Ana lu boroom xel ëpplee ku dofe?
Nga ñàkk, xam doxalin,
lu mu lay jariñ?
9 Doyloo li nga gis a gën di wéye xemmem.
Loolu it, cóolóoli neen ak nappum ngelaw.

### *Nit dogalul*

10 Lu masa ay, dees koo tuddoon;
lu doom aadama doon, xamees na ko,
te kenn du layook ku la sut.
11 Loo ci wax wax,
solo sa gëna néew.
Kon ana loo ci jële?
12 Ana ku xam lu gën ci nit ak fanam ni cóolóol,
toogadi ni takkndeer?
Ku koy wax luy am gannaawam fi kaw suuf?

## 7

### *Nit am na pexe ciw tiisam*

1 Jëw bu rafet a gën diw gu xeeñ,
bésub dee a gën bésub juddu.
2 Dem dëj a gën wàlli bernde,
mooy muju képp.
Kuy dund, sóoraale ko.
3 Naqar a gën xaxaloo;
aw tiis ñagasal kanam, rafetal xol.
4 Ku xelu, xalaat kërug dëj;
ku dofe, xalaat kërug puukare.

5 Déglu ku xelu di la artu
moo gën déglu dof bu lay woy.
6 Ab dof day tex-texi
ni dég yuy retete taal bu cin tege.
Loolu it di cóolóoli neen.
7 Foqarñi kay day dofloo boroom xel,
te ab ger da lay gëlëmal.

8 Fa mbir mujjee gën fa mu doore,
te muñ a gën réy-réylu.
9 Bul gaawa mer;
mer, xolub dof la samp këram.
10 Bul ne lu tax démb dàq tey,
loolu, laaj ko du xel.

11 Xel mu rafet daa neex ni ndono,
njariñ la ci kuy dund.
12 Xel mu rafet kiiraay la,
xaalis kiiraay la;
njariñu xam-xam mooy
xelu, mucc.

13 Xoolal ci li Yàlla def:
ana ku mana jubbanti lu mu dëngal?
14 Su neexee, bànneexul;
su mettee, xoolal ne lu ci ne, Yàllaa ko def
ngir jaam bi umple gannaawam.

### *Lu ëpp tuuru*

15 Lu ne laa gis
ci sama dund gu lënt!
Nit a ngii jub, teewu koo sànkook njubam;
nit bon, ànd ak mbonam, gudd fan.
16 Bul jub ba mu ëpp,
bul wóolu sam xel ba mu ëpp,
lu ko moy nga yàqule.
17-18 Bu la mbon jiital,
te bul dofe.
Jàppool lii,
te baña wacc lee, mooy li gën,
lu ko moy nga dee te sa àpp jotul.
Ku ragal Yàlla kat
sàmm yooyu ñaar.

### *Xel mu rafet réer na ma*

19 Xel mu rafet day dooleel boroom,
ba mu man fukki kàngam cib dëkk.
20 Amul moos ku jub ci kaw suuf,
kuy def lu baax te du bàkkaar.
21 Te it du lépp lu ñu wax,
ngay bàyyi xel.
Kon doo dégg surga bu la ŋàññ,
22 ndax xam nga xéll ne yaw it
ŋàññe nga ay yooni yoon.
23 Loolu lépp maa ko natte xel mu rafet,
te naan: «Naa xelu,»
ndeke mbir ma sore na ma.
24 Li wara am daa sore, te xóota xóot;
ana ku ko mana daj?

25 Ma walbatiku, di jéema xam,
di wut, di càmbar, di sàkkum piri,
ngir xam li bon cig ndof,
ak li dofe cig ndof.

26 Ma seetlu lenn lu gëna naqari dee:
muy ndaw su la fiir.
Kooku cofeelam mbaal la,
loxo ya dib jéng.
Ku Yàlla gërëm a koy rëcc,
bàkkaarkat bi lay jàpp.

27 Waarekat ba nee: «Xoolal li ma gis,
benn-bennal ko, ngir gis lu muy firi.
28 Ma seet a seet, gisuma.
Genn góor laa ràññee ci junniy góor,
ràññeewuma kenn ci jigéen ñi ñépp.
29 Lenn daal laa ràññee:
Yàlla daa sàkk nit, jubal ko,
nit di wuta fëlle fu ne.»

# 8

## *Ana ku rafet xel?*

1 Ana ku rafet xel nu muy mel?
Ana ku xam piri?
Am xel rafet, kanam leer, gëna lewet.
2 Dama ne déggalal Buur,
yaa ko giñoon ci Yàlla.
3 Bul gaawa won Buur gannaaw;
bul saxoo lu Buur bëggul;
Buur, lu ko neex lay def.
4 Kàddug Buur kilifteef la.
Ana ku ko naan: «Looy def nii?»
5 Ku dégg ndigal
doo am lu la soof.
Ku xelu, xam lu jot,
xam doxalin.
6 Mbir mu mu doon kat ak jotam ak doxalinam,
waaye nit am na tiis wu ko diis.
7 Kenn xamul luy xew ëllëg,
kenn manula wax luy xew ëllëg.
8 Kenn moomul bakkanam, ba man koo dese,
kenn amul sañ-sañ ci bésub deewam,
kenn muccul ci boobu xare,
te mbon du ca wallu boroom.

9 Loolu lépp gis naa ko,
ba may xalaat ci jépp jëfi kaw suuf;
fi nit di yilife nit, muy loraange.

## *Bul roy lu bon*

10 Ma gis itam ñu bon ñu ñu rob,
ñu daan yaale kër Yàlla ga,
ñu di leen gërëme tey seeni jëf ca dëkk ba.
Loolu it, cóolóoli neen.
11 Jëf ñaaw na, mbugal ma yeex,
ba tax doom aadama sóobu ci mbon.
12 Nit bàkkaar na téeméeri yoon,
te teewul mu gudd fan.
Xam naa it ne nee ñu
ngëneel a ñeel ku ragal Yàlla,
ndax wormaal ko.
13 Ku bon, du am lu baax,
fanam du màgg ni ker,
ndax wormaalul Yàlla.
14 Waaye cóolóoli neen a ngi am fi kaw suuf:
ku jub jot yoolu ku bon,
ku bon jot yoolu ku jub.
Ma ne loolu it cóolóoli neen la.

15 Man daal damay digle bànneex,
ndax nit amul lu gën fi kaw suuf
di lekk aka naan aka bànneexu,
muñe ko doñ-doñam,
fan yi ko Yàlla may fi kaw suuf.

## *Yàlla, kenn xamu ko*

16 Ma walbatiku xalaat, di jéema xam fu xel rafete,
di xoolaat li nit jàppoo fi kaw suuf,
ba guddeek bëccëg, gëmmul bët.
17 Ma daldi gis li Yàlla def lépp.
Nit kay xel ma du daj liy xew fi kaw suuf.
Day seet ba sonn, du ko daj.
Boroom xel bu wax ne xam na ko it,
du ko daj.

# 9

1 Loolu lépp laa walbatiku xalaat,
ngir lépp leer ma:
ku jub ak ku xelu ak seeni jëf,
lépp a ngi ci loxol Yàlla.
Mbëggeel ak mbañeel, xamoo lu la ciy xaar,
lépp a nga ca kanam.
2 Ñépp a bokk benn dogal bi,
ku jub ak ku bon,
ku baax ak ku set, ak ku sobewu;
kuy sarxal ak ku dul sarxal,
muy ku baax ki, di bàkkaarkat bi,
muy kiy giñ, di ki ragal ngiñ.
3 Lu mettee ngi nii ci mboolem lu am fi kaw suuf:
benn dogal la ñépp bokk,
te it nit a ngi sóobu ci mbon,
di mébét jëfi dof giiru dundam,
ba noppi fekki ña dee.
4 Képp kuy dund kat, am nga yaakaar,

te xaj buy dund a gën gaynde gu dee.
5 Kuy dund xam ne dangay dee,
waaye ku dee xamul dara,
te séentootul ab yool.
Ku dee, ñu fàtte la.
6 Muy sa cofeel, di sa mbañeel,
ba ci sa kiñaan ànd ak yaw seey.
Du lenn lu deeti sa wàll
ci jépp jëfi kaw suuf.

### *Bégeel sa bakkan*

7 Kon doxal, lekk saw ñam, bége,
te naan sa biiñ ci xol bu sedd.
Yàlla kat nangul na la jeeg say jëf.
8 Foo tollu, solul ba jekk,
te bul fàttee xeeñlu.
9 Bànneexul yaak ndaw si nga sopp
ci fan yu lënt yi la Yàlla may fi suuf,
ndax loolu nga séddoo
ci fan yu lënt yii ngay doñ-doñaale fi kaw dun bi.
10 Liggéey boo gis, liggéeyal;
def ci loo man.
Ndax muy jëf, di doxalin,
di xam-xam, di manoore,
dara amu ci njaniiw ga nga jëm.

### *Àddina wóorul*

11 Ma seetlooti fi kaw suuf ne
du ku gaaw, yaay raw;
du ku jàmbaare, yaa moom xare;
du ku xelu, am loo dunde;
du ku muus, duunle;
du kuy xamkat, amu yiw;
ku nekk ak bésam ak wërsëgam.
12 Doom aadama la bésu safaan bay bett,
jekki ne dàll fi kawam,
ni jën wu keppu cib caax, loru,
mbaa picc mu tancu cig fiir.
Doom aadama xamul bésam.

### *Xel mu rafet taxul ñu naw la*

13 Lii it gis naa ko, muy lu ma yéem,
di mbirum xel mu rafet fi kaw suuf.
14 Ab dëkk bu ndaw la woon, nit ña néew.
Buur bu mag song dëkk ba, gaw ko,
jal jali suuf yu mag, sësal ca tata ja.
15 Fekk fa ku néewle te xelu.
Mu manoona xelal dëkk ba, xettali leen,
waaye kenn faalewu ko.
16 Man dama noon xel mu rafet a gën doole!
Ndeke ku néewle ñu xeeb la,
tanqamlu say wax.

### *Li xel wuuteek ndof*

17 Ku xelu, kàddoom yu dégtu ndànk
moo gën ŋalŋalu kilifa ci biir ñu dofe.
18 Xel mu rafet a gën ngànnaayi xare,
waaye benn bàkkaarkat day yàq ngëneel lu réy.

## 10

1 As weñ tàbbi ci diw gu xeeñ, yàq ko;
ab dof it jëfam su tuut
neenal na xel mu rafet ak daraja.
2 Xelu, jubal;
dofe, jàdd.
3 Te it ku dofe buy dox sax,
du ànd ak xelam;
ku ko gis, xam ne kii dof la.
4 Su la sa kilifa meree,
bul jóge fa ñu la teg;
tooñ yu mag, teey ba giif.

5 Lu mettee ngii lu ma gis fi kaw suuf,
lu mel ni njuumte lu rëcc kilifa:
6 ab dof bu ñu jox cér yu bare,
boroom daraja féete suuf;
7 ma gis baadoolo war fas,
kilifa di rung ni baadoolo.

8 Ku gasum yeer, repp nga tàbbi ca;
ku bëtt ñag, repp jaan màtt la;
9 kuy yatt ay doj, repp nga caa gaañu;
kuy gor bant, repp nga caa loru.
10 Liggéeye weñ gu day te xacceesu ko,
góor-góorlu war na ca;
xelu, baaxle jariñoo.
11 Jaan màtt, balees koo jat,
du njariñal jatkat ba.

12 Ku xelu àddu, mu diw yiw;
ku dofe wax, sànku.
13 Bu jëkkee wax ju amul bopp,
daaneele ndof gu sotti.
14 Ab dof a ngi wax a wax,
te kenn xamul luy xew ëllëg.
Ana ku koy xamal gannaawam?
15 Ab dof ak kër-këreem, coonoy neen;
du xam sax yoonu taax ya.

16 Ngalla yeen, réew mi gone falu buur,
jawriñ ña di xëye xawaare.
17 Ndokkalee, yeen, réew ma as gor falu,
te bu jotee, jawriñ ñay xéewlu,

ngir am doole te baña màndi.

18 Tayel, puj bu màbb;
yaafus, néeg buy senn.
19 Aw ñam bégal,
aw ñoll bànneexal,
xaalis tontu lu ne.
20 Sam xel sax bu ca saaga buur,
sa néegu biir sax, bu fa saagaa boroom daraja.
Xamoo picc muy yóbbu sa kàddu,
mbaa njanaaw luy siiwali mbir ma.

## 11

### *Kenn xamul, waaye beyal sa tool*

1 Dugalal sa alal, dawloo ko;
yàgg-yàgg nga jotaat ci.
2 Séddal ab cér juróom ñaari nit ba juróom ñett;
xamoo safaan buy dikkal àddina.
3 Xàmbaar bu duyee, ba fees,
fi kaw suuf lay soob.
Garab, bu daanoo ndijoor mbaa càmmoñ,
fa mu daanu lay des.
4 Kuy déglu ngelaw, doo ji,
kuy seetluy niir, doo góob.
5 Xamoo yoonu ngelaw,
xamoo nu doom di sosoo ci ndeyam;
kon manoo xam lu Yàllay def,
moom miy def lépp.
6 Xëyal, ji sa jiwu,
gont, baña tàyyi;
muy lii di lee, xamoo lu ciy nangu,
am ñaar ñépp ay bokk baax.

### *Bégal te xam ne man saxul*

7 Leer neex na,
gis jant neex na.
8 Ak lu say at baree bare,
bégeel at mu ci nekk,
waaye bàyyil xel lëndëmu bàmmeel,
lu yàgg lay doon,
te liy ñëw lépp, cóolóoli neen.

9 Xalelu góor bi, bànneexul bi ngay gone,
bégalal sa xol bi ngay ndaw.
Toppal loo namm ak loo xemmem,
waaye xamal ne loolu lépp,
Yàlla da la koy laaj.
10 Félal naqaru xol,
dàq woppi yaram;
waaye ndaw ak kawar gu ñuul, cóolóoli neen.

## 12

1 Bàyyil xel Ki la sàkk,
bi ngay dese ndaw,
bala bési safaan a taxaw,
ba jant ñëw, nga naa:
«Amatuma bànneex.»
2 Fa la jant di lëndëme,
weer giim, biddiiw giim,
taw sewet, mu niru la lu xiinati.
3 Su bés baa wattukati kër gi di lox,
jàmbaari xare yi sëgg,
wolkat yi néew, ba wolatuñu,
ñiy séentu ci caax yi giimle,
4 bunt yi féeteek mbedd mi tëje,
coowal wol dal,
as picc sab, nelaw naaw,
janq ju doon woy, selaw.
5 Nga dem, ba ragal fu kawe,
am tiitaange ciw yoon,
garab tóor, ba weex furr,
soccet di yokokoki,
doomu garab tëë yékkati siddit,
nga jëm kër gu mujj,
waa dëj bi fees mbedd mi.
6 Bàyyil xel Ki la sàkk,
balaa buumu xaalis bi ne tipp,
ndabal wurus wi, tasar,
njaq la ñuy roote, rajax,
poli ba ca teen ba, tàllit.
7 Su boobaa pënd dellu suuf, na woon;
bakkan dellu fa Yàlla ma able woon.
8 Cóolóoloo cóolóol, waru waarekat ba.
Léppi cóolóoli neen.

### *Ma daaneel*

9 Waarekat ba daa xelu,
di jàngalewaale xam-xam,
di natt aka gëstu,
di jekk-jekkal kàdduy xel yu takku.
10 Waarekat ba daa tànn baat yu saf,
bind ko, mu jub te dëggu.
11 Waxi ku xelu day gindee, bantub sàmm la;
tënk ba diy pont, sampe ca.
Loolu ag may la, jóge ci sàmm biy kenn.

12 Doom, leneen lu ci tegu, moytu ko:
yokki téere amul kemu,
njàng mu bare, coonoy boroom.
13 Ma daaneele fii, ndax déggees na lii lépp:

Yàlla, ragal ko;
ay santaaneem, jëfe ko;
loolu rekk mooy nit.
14 Jépp jëf déy, la Yàlla di àtte,
ba ci lépp lu làqu,
muy lu baax, di lu bon.

# Ngën-gi-woy

*Ngën-gi-woy* mooy téere bi firndeel ne mbëggeel gu dox diggante ñaar ñu seenub séy dagan, Yàlla gërëm na ko. Mooy li Yàlla cig mbaaxam tëraloon ca toolub Àjjana, diggante Aadama ak Awa.

Mbëggeel mooy jum bi Aji Sax ji taal te mooy xamb woy wii (8.6) Aji Sax ji cofeelu neen la, te moo sàkk séy. Mbëggeel, dara manu ko fey te kenn amul njëgam (8.7). Ci tënk, manees na xàjjale woy wii juróom ñetti taalif, ci ni ñuy baamtuwaate baat yi.

1.1—2.7 Cofeel door na.
2.8-17 Wootante jib na.
3.1-5 Réeroo, gise.
3.6—5.1 Daagu, jëm toolu mbëggeel.
5.2—6.3 Xol jeex na, mujje neex.
6.4—7.10 Yaaka taaru.
7.11—8.4 Ayca ca tool ba.
8.5-14 Joxe naa xol.

## *Cofeel door na*

1 Lii, di ngën-gi-woy, ñeel Suleymaan.

*Ndaw si*

2 Fóon maa, ngalla fóon ma,
sa cofeel a ma dàqal biiñ.
3 Sa diw yi ngay xeeñoo neex,
saw tur jib, mel ni lu xeeñ a xelli.
Moo tax janq ji nob la.
4 Yóbbaale ma, nu daw, dem.
Sama buur, yóbbu ma sa néeg,
nu bokk mbég ak bànneex,
di tàqamtikoo sa cofeel gi dàq biiñ.
Ñoo yey nob la!

*Ndaw si*

5 Yeen janqi Yerusalem, damaa ñuul, rafet;
ñuul ni xayma ya ca Kedar*,
mel ni ridoy Buur Suleymaan.
6 Buleen ma xoole sama ñuulaay bi,
jant bee ma lakk.
Samay càmmiñ a ma mere,
di ma wattuloo tóokëri reseñ ya,
te wattuwuma sama tóokëri bopp†.
7 Sama soppey xol, ngalla wax ma ana
fooy foral,
di fa gooral, digg bëccëg?
Lu ko moy may muuru, di la wër
fi say xarit ak seeni gétt.

*Waa ji*

8 Aa! Xamoo koo?
Yaw mi dàq ci jigéen ñi!
Génnal rekk, topp wewi jur gi,
sàmmi say tef,
fi dendeek mbaari sàmm si.

9 Xarit, xam nga lu ma lay xoole?
Yànjaayu wajan wu takk watiiru Firawna.
10 Sa lex yaa ngi tàkk fi digg sàdd yi!
Céy wii loos ak caqu peram!
11 Sàddi wurus lanu lay defaral,
tapp ca xaalis.

*Ndaw si*

12 Li sama buur tëdd, di xéewlu lépp,
maa ngi gilli lu neex.
13 Sama nijaay di mbuusum ndàbb
may fanaan sama digg ween.
14 Saa nijaay, saa cabbu tóor-tóoru fuddën,
fa digg tóokëri Engedi‡.

*Waa ji*

15 Xarit, yaaka rafet,
yaaka taaru!
Say gët niy pitax.

*Ndaw si*

16 Nijaay, yaaka góorayiw,
yaaka maa neex!
Mbooy gu naat, nu laloo,
17 garabi seedar di sunu xànqi néeg,
garab gu dul ruus xadd ko§.

# 2

1 Waaye man saxyaayu joor doŋŋ laa,
nirook as tóor-tóor ciw xur.

*Waa ji*

2 Xanaa as tóor-tóor su ne ràññ ci biiri dég!
Kookooy sama xarit ci biir janq ji.

*Ndaw si*

3 Mbete garab gu gëna neex ci gott bi,
kookooy sama nijaay ci biir xale yu góor yi.
May bége keppaaram, safoo doom ya.
4 Dugal na ma néegub sago-jeex-na,

---

* **1.5 *Kedar,*** diiwaanu Arabi la woon bu genn giirug Ismayla dëkke woon bu yàgg. Dañu daan defare seeni xayma ay deri bëy yu ñuul. † **1.6 *tóokër*** ak ***sàmm*** ay baat la yu ñuy méngalee ndaw si ci waxin. Seetal it ci aaya 8 (1.8). ‡ **1.14 *Engedi,*** bëtu ndox la bu nekk ca sowub géeju Xorom ga. Engedi di tekki «bëtu ndoxu bëy». § **1.17 *seedar*** ak ***garab gu dul ruus,*** ay garab lañu yu neex xet.

yiire ma mbëggeel.
5 Gaaweleen ma nàkki reseñ, ma dëgër,
leelleen may meññeef, leqalee ma.
Wopp laa def ndax mbëggeel!
6 Sama càmmoñu waay, ma gegenoo,
ndijooram, ma laxasoo.

7 Yeen janqi Yerusalem, waatalleen ma
ci taaru kéwél ak koobay àll bi,
ne dungeen dakkal te dungeen sooke
tëraayu mbëggeel
te jotul.

*Wootante jib na*
*Ndaw si*
8 Dégluleen, sama nijaay a,
mu ngooguy ñëw,
di xéluy jéggi tund yu ndaw yi,
di tëb tund yu mag yiy dikk.
9 Sama nijaay a ngi mel ni kéwél,
mbaa kooba gu ndaw.
Mu ngi noonu taxaw ca gannaaw miir ba,
di séentu ci palanteer bi
aka yër ci caax bi.

10 Sama nijaay ne ma:
«Xarit, ayca,
jongama sama, dikkal boog!
11 Xoolal, tawub sedd wees na,
waame jàll, wéy*.
12 Tóor-tóor yi lal na réew mi,
jamonoy woy dikk,
sabum péget† jibe sunum réew.
13 Figg a ngi ñorsi,
reseñ tóor, di gilli.
Xarit, ayca,
jongama sama, dikkal boog!»
*Waa ji*
14 Soppe, sore nga ni xati mu dëkke
xar-xari doj,
làqoo ruqi mbartal yi.
Won ma sa jëmm,
dégtal ma sa baat.
Sa baat a neex,
sa jëmm jekk!
*Ndaw si*
15 Jàppalleen ma till yi,
till yu ndaw yiy ruur reseñ,
te sunu reseñ jiy tóor.
16 Sama nijaay, maa moom, man it, moo
moom,
di fore digg tóor-tóor yi.
17 Nijaay, balaa jant a fenk,
ker toxu,
dellul gaaw ni kéwél,
mbaa kooba gu ndaw kaw tund yu
xàjjalikoo ya.

# 3

*Réeroo, gise*
*Ndaw si*
1 Sama kaw lal, guddi,
laa seet sama soppey xol.
Seet naa ko, gisuma ko.
2 Naa jóg, wër dëkk bi.
Mbedd yeek pénc yi
laay seete sama soppey xol.
Seet naa ko, gisuma ko.

3 Wattukat yee ma gis,
ba ñuy wër dëkk bi.
Ma ne leen: «Sama soppey xol, gisuleen
ko?»
4 Ma romb leen tuuti rekk,
gis sama soppey xol.
Ma ne ko taral, bàyyeetuma ko,
ba yóbbu ko sama kër yaay,
ba sama biir néegu ndey ji ma jur.

5 Ngalla yeen, janqi Yerusalem,
waatalleen ma
ci taaru kéwél ak koobay àll bi,
ne dungeen dakkal te dungeen sooke
tëraayu mbëggeel
te jotul.

*Daagu, jëm toolu mbëggeel*
*Ñeneen*
6 Ana luy jóge màndiŋ ma nii,
mel ni taxaaru saxaar,
suuroo ndàbb ak xas mu xeeñ
ak mboolem cuuraayi jula?
*Ndaw si*
7 Laltub Suleymaan a ngoog,
juróom benn fukki jàmbaar dar ko,
di jàmbaari Israayil.
8 Ñépp mane saamar,
ku ci nekk mokkal xare,
saamar ci pooj,

* **2.11** Ci Israayil, jamonoy sedd day taw. Bu taw bi jeexee, tàngoor wi dikk, gàncax gi jebbi, daldi naat. † **2.12** ***péget,*** xeetu picc la mu nirool pitax.

ngay fàggu mbettum guddi.
9 Ab toogu la Buur Suleymaan defarlu,
ñu defare ko bantu Libaŋ,
10 ponku ya, mu def ko xaalis,
wéeruwaay ba wurus;
tooguwaay ba di ndimo lu xonq curr,
biir ba di liggéeyu ràbb
bu janqi Yerusalem ràbbe cofeel.

11 Yeen janqi Siyoŋ, génnleen,
xool Buur Suleymaan ak mbaxanam céetal
mi ko yaayam solal ci bésub céetalam,
bésu bànneexam.

## 4

*Waa ji*
1 Yaaka rafet, xarit, yaaka taaru!
Sa gët yi niy pitax, làqoo muuraay bi,
njañ liy loy-loyee ngi saf géttu bëy yu ñuul
yu bartaloo kaw tundu Galàdd.
2 Sa gëñ yi weex ni xar yu ñu wat
ñuy yéege ca sangukaay ba,
ku nekk ak seexam,
kenn wéetu ca.
3 Sa tuñ yi mel ni wëñ gu xonq curr,
ndaw gémmiñ gu jekk!
Sa lex yiy tàkk ni ŋaali gërënaat,
làqoo sa muuraay bi;
4 sa loos wi ne coleet ni tatay Daawuda,
mërgalu ba jekk,
caq bay lang ni junniy kiiraayi jàmbaar.
5 Sa ween yi ni ñaari tef,
mbaa seexi kéwél yuy fore digg tóor-tóor
yi.
6 Balaa jant a fenk,
ker gàddaay,
ma ne coww diggante tund wa ndàbb ne
bann,
ak tund wa xas ma neexe.

7 Xarit, sa lépp a rafet,
sikk nekkul ci yaw.

8 Séet sama, jógeel Libaŋ, jege ma,
bawool Libaŋ, jegesi ma.
Wàcceel colli Amana
ak colli Senir ak Ermon.
Génnal xunti gaynde yooyook
tundi segg ya.

9 Jigéen sama, séet sama, benn yoon nga
ma xool,
sama fit ne tërit.
Sa benn peru caq rekk,
sama fit ne tërit.
10 Jigéen sama, séet sama,
sa mbëggeel a neex!
Sa mbëggeel a dàq biiñ,
sa diw yu xeeñ dàq luy cuuraay.
11 Séet sama! Lem ay xellee sa gémmiñ,
lem ak meew lal sa làmmiñ.
Sa xetu yére xetu àllub Libaŋ la.
12 Jigéen sama, séet sama, yaay tóokër bu
tëje,
yaay seyaan bu tëje,
di bëtu ndox bu saañe.
13 Yaa di toolub gërënaat bu naat,
meññ ngën-gi-meññeef
ak fuddën ak reen yu xeeñ,
14 muy reen yu xeeñ, safroŋ, barax, kanel,
ak xasoo xas mu xeeñ,
ndàbb ak alowes
ak lépp lu xeeñ a xeeñ.
15 Yaa di bëtu ndox ci tool yi,
di teen bu fees ak ndox muy daw,
wale tundi Libaŋ.
*Ndaw si*
16 Yaw, ngelawal bëj-gànnaar, yewwul,
ngelawal bëj-saalum, dikkal,
wolalleen ma sama tool bi,
mu gilli;
sama nijaay dugg toolam,
xéewloo ngën-gi-meññeefam.

## 5

*Waa ji*
1 Jigéen sama, séet sama, dikk naa sama
tool,
sama ndàbb ak sama cuuraay, ma for,
sama lem xelli, ma lekk,
sama biiñ ak sama meew, ma naan.
*Awu*
Yeen soppe yi, lekkleen;
yeen ñi bëggante, naanleen ba màndi.

*Xol jeex na, mujje neex*
*Ndaw si*
2 Maa ngi nelaw, te xol yewwu;
dégluleen, sama nijaay ay fëgg.
Mu ne: «Xaritoo, jigéen sama, ubbil ma,
sama nenne, alal sama!
Sama bopp a ngi laye ba tooy,
njañ li fanaanee guus.»
3 Ma ne ko: «Summiku naa de,
xanaa duma soluwaat?

Jàngu naa jeeg,
xanaa duma taqati?»
4 Sama nijaay yoor loxoom ci xarante bi,
sama yaram ne sàyy.
5 Ma ne bërét, di ubbil nijaay,
sama loxo yi, diwu ndàbb di ca siit,
sama waaraam yi, ndàbb rogalaat
ba ci njàppul bunt bi.
6 Maa ubbil nijaay,
waaye nijaay waññiku na, ba wéy.
Ba mu waññikoo, tuuti ma dee.
Seet naa ko, gisuma ko;
ma woo ko, wuyuwul.
7 Wattukat yiy wër dëkk bi gis ma;
ñu dóor ma, gaañ ma,
ñori sama malaan.
Wattukati tata jaa!

8 Ngalla yeen, janqi Yerusalem,
waatalleen ma
ne su ngeen gisee sama nijaay,
ne ko damaa wopp ndax mbëggeel.

*Janqi Yerusalem*

9 Yaw mi dàq ci jigéen ñi,
ana lu sa nijaay gëne keneen?
Ana lu mu ëpplee keneen,
ba nga di nu waatloo lii?

*Ndaw si*

10 Sama nijaay daa xees, leer;
kenn la ci fukki junniy góor.
11 Kanam gi ni wurus, di wurusu ngalam;
njañ li lëmësu,
ñuul ni ndobin.
12 Gët yi ni pitax yu feggook wali ndox,
sangoo meew,
feggook ndox mu ne xéew*.
13 Lex ya di tool,
gàncax ga ne ca bann,
tuñ ya diy tóor-tóor,
ndàbb wale ca, rogalaat.
14 Loxo yi banti wurus la,
ngën-gi-per tappe ca;
jëmm ja rattax ni bëñu ñey
laloo peri safiir;
15 yeel yi kenuy doj wu jafe la,
sampe ci tànki wurusu ngalam.
Meloom ni tundi Libaŋ,
di tànnéef ni garabi seedar.
16 Gémmiñam, bànneexi neen,
jëmmam jépp jara xédd!
Yeen janqi Yerusalem,
sama nijaay a ngoog, samab xarit.

# 6

*Janqi Yerusalem*

1 Yaw mi dàq ci jigéen ñi,
ana fu sa nijaay dem?
Wax nu fu sa nijaay jaar,
nu seetle la ko.

*Ndaw si*

2 Sama nijaay dugg na biir toolam,
fa gàncax ga ne bann.
Mu ngi foral ci tool bi,
aka fori tóor-tóor.
3 Man, nijaay a moom;
nijaay it, maa moom.
Mooy fore sama digg tóor-tóor yi.

*Yaaka taaru*

*Waa ji*

4 Xarit, taaru nga ni Tirca ak Yerusalem,
péeyi buur ya,
yéeme nga ni gàngoor yi yékkati seeni
raaya.
5 Wuy, geesul fee!
Soo ma nee jàkk, ma jànnaxe.
Sa njañ liy loy-loyee ngi saf géttu bëy yu
ñuul,
yu bartaloo kaw tundu Galàdd.
6 Sa gëñ yi ni mbote yu weex,
yéege ca sangukaay ba,
ku nekk ak seexam,
kenn wéetu ca.
7 Sa lex yiy tàkk ni ŋaali gërënaat,
làqoo sa muuraay bi.
8 Buur day am juróom benn fukki lingeer
ak juróom ñett fukki jongama
ak jeeg ju dul jeex.
9 Waaye sama nenne kenn la, matal ma
sëkk,
yaayam kennal ko,
muy ngëneelu biiru yaayam.
Janq ji gis ko, di ko jëwe mbégteem,
lingeeri buur aki jongamaam di ko kañ.
10 Ña nga naa: «Ndaw sii ku mu?
Bu nee xiféet, nga ne fajar a xar,
rafet ni leer gu ndaw,
yànj ni jant bi,
yéeme ni gàngoori biddiiw!»
11 Damaa wàcc ba ca toolub saal ya,
xooli cax mu yees mi ci xur wi,

* **5.12** Li ñu wax fii ci làkku ebrë am na werante.

bu reseñ ji jebbee,
mbaa gërënaat ji tóor, ma gis.
12 Damaa ràkkaaju bay lox,
mel ni ku war watiiru buur*.

# 7

*Janqi Yerusalem*
1 Dikkal, janqu waa Sulam bee, dikkal;
dikkal a dikk, nu niir la.
*Waa ji*
Moo, lu ngeen di seetaane janqub waa Sulam bi
ni kuy fecc galanu Ñaari dali xare?
2 Janqoo, lingeer sama,
sa tànk yee ka jekk ci sa dàll yi,
sa mooco yi mërgalu niy jaaro
yu ndaanaanu tëgg yatte loxoom.
3 Sa jumbax bi di kaas bu mërgalu,
yàlla bumu ñàkk biiñu njafaan!
Sa biir bi di jalu pepp
mu ay tóor-tóor ñag.
4 Sa ween yi ni ñaari tef,
mbaa seexi kéwél.
5 Sa loos wi, coleet, rattax, ni tatay bëñi ñey;
say gët di lerxat ni déegi Esbon
ya feggook buntu Bat Rabim.
Sa bakkan bi jub xocc ni tatay Libaŋ
ja tiim Damaas.
6 Sa bopp siggi ni tundu Karmel,
njañ liy nes-nesi ni sooyu buur,
létt yay fëy-fëyi, ba laaw buur.

7 Rafet, sopploo!
Soppee, bànneex nga!
8 Sa taxawaay bii garabu tàndarma la,
sa ween yi di cëggi doom ya.
9 Ma ne, maay yéeg tàndarma gi,
ŋëb doom yi.
Yal na say ween di sama cëggi reseñ,
sag noo jox ma doom yu xeeñ,
10 sa gémmiñ di xelli ngëneelu biiñ.
*Ndaw si*
Na walal sama nijaay,
tuurul ñiy nelaw.
11 Man, nijaay a moom,
te maay nammeelam.

*Ayca ca tool ba*
*Ndaw si*
12 Nijaay, ayca nu dem tool ba,
fanaani ca tóor-tóori fuddën ya*.
13 Nan teela xëyi ca tóokëri reseñ ya,
bu reseñ ji jebbee,
mbaa tóor-tóor yi focci,
mbaa gërënaat ji tóor, nu gis.
Fa laa lay jébbale mbëggeel.
14 Tóor-tóor yu xeeñ† yaa ngi gilli,
lépp luy doom yu neex aje sunu bunt néeg,
yu yees yaak ya woon,
ma boole dencal la, nijaay.

# 8

1 Éy su meloon ni sama càmmiñ nga,
mel ni ku ma bokkal wenn ween,
ba ma dajeek yaw biti, sañ laa dar,
te du tax ñu sikk ma!
2 Ma jàpp la, yóbbu sama néeg yaay,
moom mi ma yar*,
ma may la biiñ bu saf,
ak sama ndoxum gërënaat, nga naan.
3 Sama càmmoñu waay, ma gegenoo,
ndijooram, ma laxasoo.
4 Yeen janqi Yerusalem, waatalleen ma
ne dungeen dakkal te dungeen sooke tëraayu mbëggeel
te jotul.

*Joxe naa xol*
*Janqi Yerusalem*
5 Ana ndaw suy jóge màndiŋ ma nii,
wéeroo nijaayam?
*Ndaw si*
Ci ron pom gi laa la yee,
fa la sa yaay jàppe ëmb,
jur la fa.
6 Teg ma ci sa xol ni torlukaay†,
mbaa ci sa përëg ni lamu màndarga.
Mbëggeel a bare doole ni dee,
fiiraange xér ni bàmmeel.
Day jàpp jippét,
di jum bu Aji Sax ji taal‡.
7 Ndox mu ne xéew du fey mbëggeel,
ay dex du ko mëdd.
Ku koy weccee sa alalu kër gépp it,

* **6.12** Li ñu wax fii ci làkku ebrë am na werante. * **7.12** Mbaa: *ca dëkk yu ndaw ya.* † **7.14** ***tóor-tóor yu xeeñ*** yi, màndaragoor la ci làkku ebrë. Ñu yaakaar ne, day may góor doole tey giiral jigéen. * **8.2** Mbaa: *nga jàngal ma baane,* † **8.6** ***torlukaay*** mooy jumtukaay bu mel ni lu ñuy tàmponee. ‡ **8.6** Mbaa: *tàkk di sël-sëli.*

ñu jéppi laa jéppi rekk.

*Càmmiñi ndaw si*

8 Sunub jigéen lu ndaw la,
ween sax amu ko.
Lu nuy defal sunub jigéen
bés bu ñu koy bëggsi?
9 Su doon am tata,
nu tabaxal ko soorooru xaalis.
Su doon bunt,
nu aare ko xànqi seedar.

*Ndaw si*

10 Maa dim tata,
sama ween di sooroor ya;
moo tax waa ji xam ne
maa di jàmmam.

11 Suleymaan am na reseñ ca Baal Amon.
Da koo dénk ay beykat.
Ku nekk di ko fey meññeef ma
junniy dogi xaalis.
12 Junniy dogi xaalis yi,
Suleymaan, yaa ko moom;
ñaari téeméer yi, beykat yi.
Waaye sama toolub reseñ, maa ko moom.

*Waa ji*

13 Yaw mi tooge digg tool bi,
samay xarit a ngi teewlu sa baat,
waxal boog, ma dégg.

*Ndaw si*

14 Nijaay, dawsil,
melal ni kéwél,
mbaa kooba gu ndaw
ci kaw tund wi ci gàncax gu xeeñ gi.

# Téereb Yonent Yàlla
# Esayi

Yonent Yàlla Esayi, ci daanaka juróom benn fukki at la dox ag yónnentam, mu yemook janti ñeenti buuri Yuda.

Esayi dund na jant yu metti ba xare ya amee diggante Israayil ak Yuda, te dale atum 734 ba atum 732 lu jiitu Almasi bi. Esayi fekke na itam taste ga réewum Asiri tasoon Israayil ci atum 722 lu jiitu Almasi. Esayi waxoon na itam ci toxal ga ñuy toxali waa réew mi, yóbbu leen ngàllo ca Babilon. Teewul mu yéene ne Yàlla mooy dellu yékkati xeet yi, gannaaw bu seen mbugal matee.

Kàddu gi siiw na ndax li mu wax ci xale bi nara juddu te ñu tudde ko Emanuwel: «Boroom bi ci boppam moo leen di jox firnde: janq bi mooy ëmb, jur doom ju góor, tudde ko Emanuwel (muy firi Yàllaa ngi ak nun)» (7.14).

Ci tënk:

Saar 1—39 Kàdduy waxyu ñeel na Yuda ak yeneen xeet yi.

Saar 40—66 Lu jëm ci jàmmu ñoñi Yàlla, ak ci mucc gu Yàlla indi, ñeel àddina sépp.

## Mucc a ngi ci Emanuwel

*(Saar 1—12)*

*Ubbite gi*

1 Lii moo di peeñum Esayi doomu Amocc, di lu mu gis ci mbirum Yuda ak Yerusalem ci janti buuri Yuda yi ñuy wax Osiyas* ak Yotam ak Axas ak Esekiyas.

*Aji Sax ji sikk na waa Yuda*

2 Asamaan, déglul; suuf, teewlul,
Aji Sax jeey àddu:
«Ay gone laa yar, màggloo leen,
ñoom, ñu gàntal ma.
3 Aw yëkk xam na boroomam,
mbaam-sëf xam gàmb bi ko boroomam di xonte,
waaye Israayil xamul,
sama ñoñ ñii xàmmeewuñu.»
4 Wóoy wii xeetu moykat,
wii askan wu diisu ñaawtéef,
mii njurum defkati mbon,
yii doomi yàqute!
Ñoo wacc Aji Sax ji,
ñoo sofental Aji Sell ju Israayil,
dëddu ko.
5 Xanaa dungeen wéye fippu,
ñu gën leena duma,
te bopp di góomi neen,
xol jeex tàkk?
6 Bopp ba téstën, fenn jagul.
Xanaa gaañu-gaañu aki dagg-dagg rekk,
ak góom yuy nàcc,
fajeesu ko, takkeesu ko,
gajfaleesu kook ag diw.
7 Seenum réew gental,
seeni dëkk xoyomu,
seen suuf, doxandéem yi lekk fi seen kanam,
muy gent bu doxandéem tas.
8 Siyoŋ, dëkk bu taaru baa ngi wéet
ni mbaarum tóokër mbaa dalub toolu xaal.
Mbete dëkk bu ñu gaw!
9 Bu nu Aji Sax ju gàngoor yi
waccalul woon li nu deseek as néew,
ni Sodom† lanuy mel,
Gomor lanuy neexool.

*Aji Sax ji bañ na ngistal*

10 Dégluleen kàddug Aji Sax ji, yeen njiiti Sodom,
teewluleen sunu yoonu Yàlla, yeen askanu Gomor.
11 «Lu may doye seen sarax yu bare?» la Aji Sax ji wax.
«Damaa suur seen saraxi rendi-dóomali kuuy,
suur nebbonu juru yar gi,
deretu yëkk ak xar ak sikket it, safu ma.
12 Bu ngeen dikkee, teewsi fi sama kanam,
ana ku leen sant ñu joggat-joggatee nii sama ëttu kër?
13 Buleen fi indeeti saraxi caaxaan,
seen saraxu cuuraay, lu ma seexlu la.
Terutel weer ak bésub Noflaay
ak wooteb ndajee ci yem!
Duma mana dékku ndajem diine mu rax njubadi.
14 Seeni Terutel weer ak seen bési màggal
laa bañ ci sama xol;
yooyu màggal a ma diis ba àttanatuma ko.

* **1.1** Osiyas mooy Asaryaa ba tey. † **1.9** Seetal ci *Njàlbéen ga* 19.23-29.

15 Bu ngeen ma tàllaleey yoxo,
ma fuuyu.
Bu ngeen doon ñaan-ñaanee it,
du maa leen di déglu:
seeni loxo, deret la taq ripp.
16 Raxasuleen ba set wecc,
jëleleen seeni jëf ju bon fi sama kanam,
te ngeen ba lu bon.
17 Jàngleen di def lu baax,
sàkku njub,
waññi ab nootkat,
àtte dëgg ab jirim,
sàmm àqu jëtun.

18 «Kaayleen, nu waxtaan ba juboo,» la Aji Sax ji wax.
«Li seeni bàkkaar di xonq lépp,
tàll lay weexeji.
Li muy xonq curr lépp,
weex furr lay mujje.
19 Su ngeen ma nangoo déggal,
ngëneelu réew mi ngeen di xéewloo.
20 Waaye su ngeen lànkee, fippu,
saamar a leen di xéewloo.»
Aji Sax ji déy a ko wax ci gémmiñam.

## *Mbugal mooy setal Yerusalem*

21 Ana nu biib dëkk yàqoo, mbeteb gànc,
te nekkoon dëkkub kóllëre,
yoon mate fa,
njubte lal fa panaan,
tey ñu diy bóomkat!
22 Sa xaalis doon na raxit,
sa biiñ xormbet.
23 Seeni njiit të,
xejjoo ay sàcc,
ñoom ñépp sopp ger,
di dàq ay neexal;
ab jirim, sàmmuñu àtteem,
àqu jëtun soxalu leen.
24 Moo tax, kàddug Boroom bee,
Aji Sax ju gàngoor yi,
Jàmbaaru Israayil:
«Maay lijjanti samay bañ, ngalla ñoom!
Maay fey samay noon!
25 Yerusalem, maa lay teg loxo,
maay seeyal sa raxit ni xeme,
ba dindi sa mbuubit mépp.
26 Maay waññi say àttekat, ñu mel na woon,
ñi lay digal it dellu mel ni bu njëkkoon.
Su boobaa ñu woowe la Dëkkub Yoon
ak Dëkkub Kóllëre.»
27 Siyoŋ dëppook yoon, mucc,
ay tuubkatam wormaal njub, raw;
28 moykat ak bàkkaarkat yàqoondoo,
dëddukati Aji Sax ji sànkoondoo.
29 Yeenay rus moos ci garab yu mag,
yi ngeen soppoona daje, di xërëmtu.
Yeenay am gàcce ci tóokër
yi ngeen taamu woona daje, di bokkaale.
30 Yeenay meli ni garab gu mag gu xob ya lax,
mbaa tóokër bu amul siitum ndox.
31 Boroom doole mel ni boob,
la mu liggéey di ferñent,
ànd ak moom ne jéppét,
te kenn du fey sawara wa.

# 2

## *Kilifteef gu bees taxaw na*

1 Mbir mii la Yàlla won Esayi doomu Amocc ci mbirum Yuda ak Yerusalem.
2 Fan yu mujj ya, dees na taxawal
tundu kër Aji Sax ji,
Aji Sax ji mooy gëna kawe ci tund yi,
tiim tund yu ndaw yi,
xeet yépp riirandoo, wutsi ko.
3 Ay askan yu bareey dikk, naan:
«Dikkleen nu yéegi tundu Aji Sax ji,
fa kër Yàllay Yanqóoba,
mu xamal nuy yoonam,
ba nu doxe yooyu ñallam.»
Siyoŋ kat la ndigalu yoon di bawoo,
Yerusalem googu la kàddug Aji Sax ji di jóge.
4 Mooy àtte diggante xeet yi,
mooy dogalal ay askani askan,
ñu tëgg seeni saamar ay illéer,
def seeni xeej ay sàrt;
aw xeet dootul xàcc saamar jëme ci moroom ma,
te dootuñu leen tàggat cib xare.
5 Yeen waa kër Yanqóoba,
kaayleen nu doxe leeru Aji Sax ji!

## *Bew, yàqule*

6 Boroom bi, bàyyi nga waa kër Yanqóoba, sa ñoñ,
ndax jëfi waa penku lañu feese
aki gisaanekat, ba mel ni waa Filisti,
te ñooy tàppante pasook doomi doxandéem yi.

7 Seen réew maa ngi ne gàññ ak xaalis ak wurus,
alal du jeex,
fas ne xas,
watiiri xare du jeex.
8 Seen réew maa ngi fees aki yàllantu;
ñuy sujjóotal seen liggéeyu loxo yooyu,
te ñoo ko sàkkal seen bopp.
9 Doom aadama torox na, ku ne detteelu,
waaye bu leen yékkati!
10 Ayca ca xunt ma,
làqujileen biiri pax,
ba sore tiitaange ji Aji Sax ji sabab,
sore darajay màggaayam.
11 Bésub keroog booba,
ku bew bay regeju mooy detteelu,
sagub nit sàggiku,
Aji Sax ji doŋŋ mooy jagoo kawe.

12 Bés déy ñeel na Aji Sax ju gàngoor yi,
ca lay xaare képp ku bew ak ku reew,
ba kuy daŋŋiiral, detteelu.
13 Ca lay xaare garabi seedari Libaŋ
yi ne coleet, ba kawe,
ak garab yu mag ya fa Basan.
14 Ca lay xaare wépp tund wu mag wu ne coleet,
ak bépp jànj bu kawe,
15 ak bépp soorooru tata bu gudd,
ak bépp tata bu ñu dàbbali,
16 ak gaalu Tarsis gu mag gu mu doon,
ak gépp gaal gu taaru.
17 Bésub keroog booba,
kuy daŋŋiiral, detteelu,
sagub nit sàggiku,
Aji Sax ji doŋŋ mooy jagoo kawe.

18 Yàllantu yépp a naan mes,
19 nit ñi làquji biir xunti doj,
ruuruji biiri pax,
ba sore tiitaange ji Aji Sax ji sabab,
sore darajay màggaayam,
kera buy taxaw, ba suuf di lox.
20 Bésub keroog booba,
yàllantuy xaalis ak wurus
ya nit sàkkal boppam, di leen sujjóotal,
ñoom lay sànni ca jaar yaak njugub ya,
21 ba mana làquji ca xunt ya
ak xarantey doj ya,
ba sore tiitaange ji Aji Sax ji sabab,
sore darajay màggaayam,
kera buy taxaw, ba suuf di lox.
22 Baleen nit,
noowal bakkan kese la!
Ana lees koy nawe?

# 3

## *Yuda salfaañoo na*

1 Aji Sax ji Boroom bi, Aji Sax ju gàngoor yi kat,
mu ngi nii di jële Yerusalem ak Yuda,
lu doon wéeruwaay, di cëslaay,
muy dugub ju ñu yaakaaroon,
di ndox mu ñu yaakaaroon
2 ak jàmbaar ak ñeyu xare
akub àttekat akub yonent
ak gisaanekat ak magum pénc
3 ak njiitu juróom fukki dag akub kàngam
ak kiy xelal buur ak ndaanaanu liggéeykat
ak jatkat bu xareñ.
4 «Maay def ay gone jiite leen,
di ñu yaroo seen sago, yilif leen.
5 Nit ñiy soxorante,
ku nekk ak moroomam, ku nekk ak dëkkandoom,
ndaw di ñàkke mag kersa,
sagaru nit sofental boroom daraja.
6 Nit dina ne nikk mbokk ma,
ca biir kër baayam, ne ko:
“Yaw mi dese mbubb, jiite nu,
ba lu bokk ci sunu gent bii, di sa kilifteef.”
7 Keroog kooka àddu ne ko:
“Duma leen mana fajal dara!
Du dugub, du mbubb fa sama kër,
dungeen ma def njiit!”»
8 Yerusalem day téqtalu,
Yuda fëlëñu.
Ñooy wax aka jëf lu neexul Aji Sax ji,
di gàntal leeram gi teew.
9 Seen dëgër bët tuumaal na leen,
ñuy bàkkaar ni waa Sodom,
làquwuñu sax.
Wóoy, ngalla ñoom!
nde ñoo lor seen bopp.
10 Neleen aji jub ji mooy baaxle,
mooy yooloo añam.
11 Waaye wóoy ku bon, nde mooy bonle;
la mu def rekk lees koy def.
12 Bokk yi, ñu xalele ñoo leen di noot,
ay jigéen yilif leen.
Bokk yi, seeni njiit a ngi leen di sànk,

lëndëmal nañu seeni yoon.

13 Aji Sax jaa ngi ci jataayu layoo,
moo jóg di àtte ay xeet.
14 Aji Sax jeey yékkati kàddug sikkaange,
jëme ci magi ñoñam ak seeni kàngam.
«Yeena sëxëtoo tóokëru reseñ bi,
la ñu foqatee ci néew-ji-doolee nga seeni
kër.
15 Lu waral ngeen di dëggaate sama ñoñ,
nappaaje néew-doole yi?»
Kàddug Boroom bee, Aji Sax ji ci gàngoor yi.

*Puukare sànk na jigéeni Siyoŋ*
16 Aji Sax ji da ne:
«Jigéeni Siyoŋ a ngi daŋŋiiral,
di goŋeet-goŋeeti,
di regejooka rékk-rékkal,
sampum ndaag,
keleŋal lami wëq.»
17 Moo tax Boroom beey wat jigéeni Siyoŋ
nel,
Aji Sax jeey muri seen jë.
18 Bésub keroog Boroom bi xañ leen
gànjari tànk ak takkaay yu bindoo ni jant
ak yu bindoo ni weer wu feeñ
19 aki loŋ-loŋ aki caq aki muuraay.
20 Moo leen di xañ ay tañlaay ak lami
përëg aki ngañaay ak téere yu xeeñ aki
gàllaaj,
21 xañ leen jaaroy torlu ak jaaroy
bakkan,
22 ak mbubbi xew aki mëlfë ak séri
càngaay ak saagi loxo,
23 ba ci yérey sooy ak yérey lẽe aki
musóor aki kol.
24 Su boobaa lu xasaw wuutu lu xeeñ,
buum wuutu ngañaay,
nel bu set wuutuy létt,
yérey saaku wuutu ndoket bu rafet,
toroxte wuutub taar.
25 Yerusalem, say góor ay saamar lañu leen
faate,
say jàmbaar des xare.
26 Su boobaa sa bunti dëkk sax di ñaawlooka
jooy,
mel ni ndaw su ñu futti,
mu ne dett fi suuf.

# 4

1 Su bés baa, juróom ñaari jigéen ŋoyaalu
genn góor, ne ko:
«Sunub dund, nun a,
sunu koddaay, nun a!
Jox nu sag buum rekk,
teggil nu gàcce.»

*Aji Sax ji aar na ndesu Yerusalem*
2 Su bés baa njebbitum Aji Sax ji
doon lu yànj, darajawu,
meññeefum réew mi di teraanga, dib sag,
ñeel ñi dese bakkan fi Israayil.
3 Su boobaa ku mucc fa Siyoŋ
ak ku des fa Yerusalem,
ku sell ki lees lay woowe,
muy képp ku ñu bind turam,
te mu wara dese bakkan ci Yerusalem.
4 Boroom beey wal noowal mbugal,
noo guy lakk, sellal,
fóote ko jonkani jigéeni Siyoŋ,
fetee ko deret ji ci Yerusalem, ba mu set.
5 Su boobaa tundu Siyoŋ bépp,
fépp fu ñuy dajee,
Aji Sax ji sàkk fa niiru saxaar bëccëg,
guddi mu def tàkk-tàkk bu ne ràññ;
leeru Aji Sax ji di kiiraay, tiim lépp,
6 di mbaar mu ñuy féexloo tàngooru bëccëg,
di ko seeloob taw ak waame.

# 5

*Woyu cofeel rax na*
1 Naa woy sama soppe
woyu cofeel wu solowoo tóokëram.
Sama soppee fi amoon tóokër,
kaw tund wu suuf sa nangu lool.
2 Mu gàbb ko, dindi doj ya,
jëmbat ca ngëneeli reseñ,
tabax tóojub doj fa digg ba,
ba yatt ca mbalkam nalukaayu reseñ,
tey yaakaar reseñ ju neex,
mu meññ, wex.

3 Léegi yeen waa Yerusalem
ak yeen waa Yuda,
ngalla àtteleen maak sama tóokër.
4 Lu may defalati sama tóokër bi,
lu ma ca defuloon?
Lu waral ma di ko yaakaare reseñ ju neex,
mu meññ, wex xàtt?
5 Ma xamal leen nag
li ma naral sama tóokër bi.
Ñàggib ñagam, mu dim parlu;
màbb miiram, ñu dëggaate ko, jàll.
6 Dama koy gental,
mu saxi dég aki dagg,

deesu ko tenqi, deesu ko bey;
niir yi it, ma sant leen
ñu bañ koo tawal.
7 Tóokëru Aji Sax ji Boroom gàngoor yi kat,
mooy waa kër Israayil.
Niti Yuda it
ñooy njëmbat li mu safoo.
Mu di ko yaakaare njub,
njubadi ne jaas.
Mu yaakaar njekk,
yuuxi njekkar ne jaas.

## *Alkànde ñeel na kàngami Yuda*

8 Wóoy ngalla ñii di dajale kër ak kër,
tool akub tool,
aakimoo fépp,
ba des ñoomu neen ci réew mi.
9 Maa dégg Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
mu ne: «Giñ naa ne
kër yu bareey gental déy,
kër yu yaa, rafet, kenn dëkku ca.
10 Tóokërub ñetti egtaar déy
du meññ juróom fukki liitari biiñ,
te jiwum téeméeri kiloy bele it,
fukki kilo doŋŋ a cay génne.»
11 Wóoy ngalla ñiy teela xëy,
daw wutiw ñoll,
gonte biiñ ba tàng jérr.
12 Xalam yaak tabala yaak toxoro ya jolli,
biiñ xelli ca xawaare ja.
Seetluwuñu sax li Aji Sax ji def,
xooluñu li mu jo loxoom.
13 Moo tax ñuy gàddaayloo ñoñi Aji Sax ji
ndax li ñu ñàkk xam-xam.
Seen kàngam ay deek xiif,
seen baadoolo deek mar.
14 Moo tax njaniiw di yàkkali ag bóli,
gémmiñ ga ne ŋafeet, amul kersa,
boroom darajaak baadoolay Yerusalem
doon xaxaloo, far tàbbi ca.
15 Doom aadama torox na,
nit detteelu na,
ku doon regeju, detteelu.
16 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, ab àtteem
lay fésale màggaayam,
Yàlla ju sell ji, ab àtteb yoon lay firndeele
sellaayam.
17 Am xar a nara fore biir dëkk bi, mbetem
parlu,
màngaan lekke gentub boroom alal.
18 Wóoy ngalla ñiy ràngooy buum,
di diri ñaawtéefi neen,
ràngooy goj di diri seeni tooñ.
19 Ña nga naa: «Na Aji Sax ji gaaw!
Na baral liggéeyam, nu gis.
Na Aji Sell ju Israayil sottal mébétam,
mu sotti, nu xam.»
20 Wóoy ngalla ñiy gis lu bon, ne lu baax la;
gis lu baax, ne lu bon la;
lëndëm, ñu tudde leer,
leer, ñu tudde lëndëm;
lu wex, ñu ne neex na,
lu neex, ñu ne wex na.
21 Wóoy ngalla ñii defe ne ñoo xam,
yaakaar ne ñoo muus.
22 Wóoy ngalla ñiy jàmbaari naan biiñ,
diy ndaanaan ci njafaanu ñoll,
23 di dëggal ku sikk ndax ab ger,
tey xañ boroom dëgg àqam.
24 Moo tax ni boob di jeexe ci sawara,
ngooñ xoyomoo ko cib taal,
ni la seenub reen di seeye ni lu maxe,
seeni tóor-tóor naaw ni pënd.
Ñoo gàntal yoonu Aji Sax ji ci gàngoor yi,
ñoo sofental kàddug Aji Sell ju Israayil.
25 Moo tax merum Aji Sax ji tàkkal ñoñam,
mu xàcc loxoom, duma leen,
ba tund yi jaayu,
seeni néew wetar ni mbalit fi mbedd yi.
Teewul Aji Sax ji xàcc loxoom,
meddiwul ba tey.

26 Aji Sax jeey yékkatil raaya xeet wu sore,
walug liit, woowe leen fa cati àddina,
ñu jekki ne jaas, dikkal leen.
27 Kenn sonnu ci, kenn tërëfu ci,
kenn dajjantul mbaa muy nelaw;
ngañaay yolomul, waruw dàll dogul.
28 Seeni fitt ñaw na,
seen xala yépp noppi na,
seen wewi tànki fas ni xeer.
Bu tànki watiir ya dawee,
nga defe ne callweer a.
29 Dañuy ŋar ni gaynde,
ŋarati ni gaynde gu mat;
yëmmu, ŋank rëbbam,
yóbbu te kenn du wallu.
30 Bésub keroog ñu ŋaral Yuda,
ŋar yu mel ni géej gu sàmbaraax!
Foo geesu ci réew mi, xool,
doo gis lu moy lëndëm ak njàqare,
xàmbaar maase, ba leer giim.

# 6

*Aji Sax ji setal na Esayi, yebal ko*

1 At ma Buur Osiyas saayee, damaa gis
Boroom bi toog kaw ngàngune mu kawee
kawe, lafi mbubbam fees néeg bu sell bi.
2 Ay malaakay seraf ñoo taxaw, tiim ko,
ku ci nekk am juróom benni laaf: ñaar yu
muur seen kanam, ñaar yu muur seeni
tànk, ak ñaar yu ñuy naawe.
3 Ku ci nekk di àddu, naan moroom ma:
«Kee sell te sell te sell,
keey Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi,
àddina sépp a feese ag leeram!»
4 Ku ci àddu, jëni bunt yay riir, néegu Aji
Sax ji fees ak saxaar.
5 Ma ne: «Wóoy man, sànku naa! Man
miy nit ku làmmiñam sobewu, xeetoo ci ñu
seen làmmiñ sobewu, te samay gët tegu ci
kaw Buur Aji Sax ji Boroom gàngoori xare
yi.»
6 Kenn ci malaakay seraf ya naaw wutsi
ma, yor aw xal wu mu keppe ag ñiim, jële
ko fa sarxalukaay ba.
7 Mu laalale xal wi sama gémmiñ, ne ma:
«Mu ngoog, ndegam lii laal na sa gémmiñ,
sag tooñ wàcc na, sa bàkkaar faru na.»
8 Ma dégg baatu Boroom bi, mu naan:
«Ana ku may yebal, ana ku nuy demal
boog?» Ma ne: «Xanaa man, yebal ma!»
9 Mu neeti: «Demal, wax askan wii, ne
leen:
“Dégluleen a déglu te buleen dégg,
xoolleen a xool te buleen gis.”
10 Nanga dërkiisal xoli askan wii,
fatt seeni nopp,
taf seeni gët;
lu ko moy seeni gët gis,
seeni nopp dégg,
seen xol yég,
ñu dëpp, wér.»
11 Ma ne: «Boroom bi, foo àppal loolu?»
Mu ne: «Xanaa fii ba seeni dëkk gental, ba
kenn dëkkatu ca, ba nit dootul nekk biir
kër ya, suuf sa yàqu yaxeet, di ndànd-foyfoy.
12 Aji Sax jeey yebal waa réew mi fu
sore, tool yu bare booy.
13 Bu ca fukkeelu nit ña desoon, ñoom it
dees na leen dellu taal. Waaye dañuy mel
ni wenn ci xeeti garab yu mag yi ñuy gor,
ëkk ba dellu jebbi, ëkku xeet wii, jiwu mu
sell lay doon.»

# 7

*Yaakaar Yàlla war na Buur Axas*

1 Janti buurub Yuda, Axas doomu Yotam
miy doomu Osiyas, Reccin buurub Siri
moo dal ci kaw Yerusalem, ànd ak buurub
Israayil, Peka doomu Remalya. Waaye
manalu leen dara.
2 Ba ñu yégalee Buur Axas sëtub
Daawuda ak waa këram, ne ko waa Siri,
Efrayim* lañu lëngool, mbir ma yëngal na
Buur Axas ak waa réew ma, ba mel ni
garabi gott bu ngelaw li gësëm.
3 Aji Sax ji wax Esayi ne ko: «Génnal,
dajeek Axas, yaak sa doom Seyar Yasub,
ma nga ca catal solomu mbànd ma féete
kaw, ca yoonu toolu fóotkat ya.
4 Nga wax ko ne ko:
“Defal ndànk te ne cell.
Bul tiit, bul xàddi
ndax merum Reccin ak Siri,
ak doomu Remalya ji.
Duñu dara lu moy ñaari gil yuy saxaar!
5 Waa Siri ñoo ànd ak Efrayim ak doomu
Remalya,
di la fexeel naan:
6 ‘Nan songi Yuda,
tiital leen, nangu ko,
fal fa doomu Tabeel buur.’
7 Waaye Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
‘Loolu du sotti, du am.
8 Damaas a yilif Siri,
te Reccin yiliful lu moy Damaas.
Fii ak juróom benn fukki at ak juróom
Efrayim tas, ba xeet wa réer.
9 Samaree yilif Efrayim,
te doomu Remalya ji yiliful lu moy Samari.
Dungeen mana saxoo dëgër nag,
ndare ngeen sax ci Aji Sax ji.’ ”»

*Juddub Emanuwel firnde la*

10 Aji Sax ji teg ca ne Axas:
11 «Ñaanal sa Yàlla Aji Sax ji firnde. Ñaan
ko ko, ak fu mu mana bawoo, fa
suuf-a-suuf, mbaa fa kaw-a-kaw.»
12 Axas ne: «Duma ko ñaan, ndax duma
nattu Aji Sax ji.»

* **7.2** Efrayim moo gëna yaatu ci fukki giir ya féete woon réewum Israayil ga ca bëj-gànnaar, te moo taxawe taxawaayu Israayil.

13 Esayi nag ne:
«Yeen waa kër Daawuda, dégluleen!
Tàyyiloo ngeen nit,
di tàyyiloo sama Yàlla itam.
14 Kon nag Boroom bi ci boppam moo leen
di jox firnde:
janq bi mooy ëmb, jur doom ju góor,
tudde ko Emanuwel (muy firi Yàllaa ngi ak
nun).
15 Soow ak lem lay lekk,
ba keroog muy mana tànn lu baax,
bàyyi lu bon.
16 Bala xale bee ràññee lu baax ak lu bon,
dees na gental réew mii nga ragal seen
ñaari buur.
17 Aji Sax jee lay dikke,
yaak saw xeet ak sa waa kër baay,
ay bés yu tar yu masula am,
ba Efrayim dëddoo Yuda ba tey,
te buurub Asiri la koy sababe.»
18 Bésub keroog Aji Sax ji ootal weñ
ya fa catal wali ndoxi Misra,
ak yamb ya fa réewum Asiri,
19 ñu dikk, bokk tàggesi mbartali xunt yi,
ba ci xar-xari doj yi,
ak gajjoo gajj, ak déegoo déeg.
20 Bésub keroog saatu la Boroom biy wate,
te saatu sa moo di buurub Asiri,
mu àbbe ko ca wàllaa dex,
wat la nel,
wat say yeel,
xuuf sab sikkim.
21 Bésub keroog nit du fa dundle
lu dul wenn nag ak ñaari gàtt,
22 meew ne gàññ, ndax nit ñu néew,
di dunde am soow,
nde soow ak lem la képp ku des ci réew ma
di dundeji.
23 Fu junniy reseñ taxaw tey,
di jar junniy dogi xaalisu lëmm,
bésub keroog ay dég aki dagg nangu ko.
24 Xala aku fitt lees fay deme,
ndaxi dég aki dagg yu fees réew mi.
25 Mépp mbartal mu ñu daan gàbb,
deesu fa demati,
ndax ragali dég aki dagg,
aw nag a cay fore,
am xar curpee ca.

# 8

## *Asiri workat la, matul wéeruwaay*

1 Gannaaw gi, Aji Sax ji ne ma: «Jëlal
àlluwa ju mag, ak xalima gu jàppandi, nga
bind ci lii: “Mayer Salal Xas Bas” (muy firi
Sëxëtoo këfit foqet).»
2 Ma wut ci seede, won àlluwa ja ñaar ñu
mat seede: ñuy Uri sarxalkat ba, ak
Sàkkaryaa doomu Yeberekiya.
3 Ba loolu weesoo ma jaxasoo ak sama
soxna, yonent bu jigéen ba, mu ëmb,
gannaaw gi mu am ca doom ju góor. Aji
Sax ji ne ma: «Tudde ko “Mayer Salal Xas
Bas.”
4 Bala xale bee man ne “Baay” mbaa
“Yaay” déy, dees na yóbbul buurub Asiri
alal ju ñu foqatee Damaas ak lël ju ñu këfe
Samari, nangu ko.»
5 Aji Sax ji dellu ne ma:
6 «Gannaaw askan wee teddadil ndoxum
Silowe
mi ci wal mu teey mi,
di bége Reccin ak doomu Remalya,
7 Boroom baa ngii di leen sottisi
dexu Efraat gi ne xéew ak dooleem,
te mooy buurub Asiri ak mboolem
darajaam.
Dex gi mooy génn xuram,
fees fépp fu dig tàkkam,
8 wal-wali jàll Yuda,
mbënn ma wal, taañaañal,
yéeg ba tollu ko ci put,
firiku niy laaf ba dajal sam réew, yaw
Emanuwel.»
9 Yeen xeet yi, xaaculeen, dees na leen
rajaxe.
Yeen waa cati àddina, teewluleen!
Gañoo gañu, ñu rajaxe leen!
Ma ne: Gañoo gañu, ñu rajaxe leen!
10 Ngeen mébét, dara!
Ngeen diisoo, diisoo, tus!
Yàllaa ànd ak nun!

## *Aji Sax jee jara ragal*

11 Aji Sax ji moo wax ak man,
ba mu ma nee nikk, artu ma,
ngir ma baña roy askan wii. Mu ne ma:
12 «Bul tudde wor,
lenn lu askan wii tudde wor;
lu ñu ragal it, bu ko ragal,
bu ko tiit.
13 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi daal ngay
sellal,
moom ngay ragal,

moom ngay tiit.
14 Mu doon seen kër gu sell,
di itam doj wuy fakkastale,
xeer wuy daaneel, ci ñaari këri Israayil,
te dim yeer, dig fiir,
ñeel ku dëkk Yerusalem.
15 Ñu baree cay tërëf,
daanu, damm,
mbaa ñu sërëx, keppu.»

16 Dencal seede bii,
jëlal lii ndigal, tay cib tayu,
dénk ko samay dongo.
17 Maa ngi séentu Aji Sax ji,
mu ngi won waa kër Yanqóoba gannaaw,
waaye maa ngi koy yaakaar.
18 Man de, maa ngii, maak xale yi ma Aji Sax ji may,
nu diy firnde fi Israayil te diy tegtal
yu bàyyikoo fa Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
ki dëkke tundu Siyoŋ.
19 Am na ñu naan:
«Laajleen boroomi rawaan,
ak ñiy gisaane nit ñu dee te di kebetooka ŋun-ŋuni.
Aw xeet sañ nañoo gisaanee seeni tuur,
tey diis ñi dee mbiri ñiy dund.»
20 Kon waxleen ne leen: «Ayca, delluleen ca ndigali yoon ya,
ak seedey kàdduy waxyu ya.
Kuy wax googu kàddu, ag leer fenkalu la.»
21 Nit ñi dinañu taxawaalu ci réew mi,
boole njàqareekub xiif,
te bu ñu xiifee, ñéññ,
téen, xool kaw,
saaga seen buur, saaga Yàlla,
22 dellu xool fi suuf,
yem ciw tiis, ak lëndëmu njàqare,
sóoboo guddi gu fatt taraj.

23 Waaye lëndëm googu du sax
ci réew mii jàq tey.
Démb Aji Sax ji toroxal na
réewum Sabulon ak réewum Neftali,
waaye ëllëg mu teral waa foofa,
dale ko diiwaanu tefesu géej,
ba ca wàllaa dexu Yurdan,
boole ca sax Galile ga ca doxandéem ya.

# 9

## *Doom juddul na nu*

1 Askan wiy doxe lëndëm nii,
ñooy gis leer gu mag.
Ñooñu dëkke réewum dee mu ne këruus,
ñoom la leer di fenkal.
2 Aji Sax ji, yaay yokk xeet wi,
fulal leen bànneex,
ñuy bége fi sa kanam, mbégtem ngóob,
mel ni ñuy bànneexoo fa ñuy séddoo alalu xare.
3 Yaa leen di sippil seen sëf,
damm bant ba ñu leen gàlloon,
ak yetu ña leen nootoon,
na nga leen defaloon rekk ca xareb Majan.
4 Mboolem dàll wu ab noon dukkate ba dikk,
ak turki bu màndi deretu xare,
sawara lees koy leel.
5 Nde gonee juddu, ñeel nu,
di doom ju góor ju ñu nu may,
mu yenu kilifteef gi,
ñu di ko woowe Kiy xelale te yéemu
ak Yàlla jàmbaar ji
ak Baay bi sax dàkk
ak Buuru jàmm bi.
6 Dooley kilifteefam ak jàmm ja du am kemu,
fa jalub Daawuda ak nguuram
ga muy samp, saxale ko yoon ak njub
tey jii ba fàww.
Lii la Aji Sax ji Boroom gàngoor yi def ci xéraangeem.

## *Aji Sax ji yokk na mbugalam*

7 Boroom bee yónnee kàddu
gu dal Israayil, askanu Yanqóoba,
8 xeet wépp jot ca,
ba ca Efrayim ak waa Samari,
ñay damooka sagu naan:
9 «Ay móol màbb,
nu yatt ponkali doj, tabaxaat,
xànqi garab yu ndaw daanoo ca,
nu wuutal ca garabi seedar yu mag.»
10 Aji Sax ji yékkati nooni Buur Reccin, fi seen kaw,
gemb seeni bañ,
11 Siri songe penku; Filisteen ña, sowu,
ñu sëxëtoo Israayil, wann.

Teewul Aji Sax ji xàcc loxoom,
meddiwul ba tey.

12 Waaye xeet wi delluwuñu ca ka leen
duma,
toppuñu Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.
13 Moo tax Aji Sax ji doge Israayil bopp ak
geen,
boole tiir ak barax doge ci benn bés.
14 Mag meek kàngam li ñooy bopp bi,
yonent bi mokkal naaféq dib geen.
15 Ñi jiite askan wii ñoo leen di sànk,
ña ñuy jiite loru.
16 Moo tax Boroom bi du bége seeni xale
yu góor,
du yërëm seeni jirim ak seeni jëtun.
Ñoom ñépp a gëmadi, di def lu bon,
ku ci nekk di wax lu amul bopp.

Teewul Aji Sax ji xàcc loxoom,
meddiwul ba tey.

17 Mbon a ngi tàkk moos
ni sawara, xoyom dég aki dagg,
jafal gajji gott bi,
mu ne jippét, saxaar, naaw.
18 Merum Aji Sax ji Boroom gàngoor yi taal
na réew mi,
xoyom waa réew mi,
kenn yërëmul sa mbokk.
19 Nit ñaa ngi màtte ndijoor, te doyaluñu,
di xàmpe càmmoñ te suuruñu,
ku nekk di yàpp sa mbokk:
20 Manase song Efrayim,
Efrayim song Manase,
ñu mànkoo, noonoo Yuda.

Teewul Aji Sax ji xàcc loxoom,
meddiwul ba tey.

# 10

## *Mbugal ñeel na kàngami Yuda*

1 Wóoy ngalla boroom dogal yiy dogal
njubadi,
bind ko, te muy jur coono,
2 di ko àttee ñàkkal ku ñàkk,
di xañ àq sama néew-ji-dooley ñoñ,
bay lekk ab jëtun,
di sëxëtoo ab jirim.
3 Ana nu ngeen di def keroog bésub
mbugal ba,
keroog ba safaan di bawoo fu sore?
Ana ku ngeen di daw wuti wallam?
Ana fu ngeen di denci seen teraanga?
4 Xanaa ànd ak ña ñu jàpp, ne yogg;
mbaa tëddandook ña ñu bóom, ne lareet.

Teewul Aji Sax ji xàcc loxoom,
meddiwul ba tey.

## *Asiri muccul ci mbugal*

5 Wóoy ngalla Asiri miy sama yetu mer,
bolde bi ñu ŋàbb di sama sànj,
6 ma xabtal ko fi kaw xeet wu gëmadi,
yebal ko ca askan woowu ma merloo,
ngir ñu sëxëtoo leen, nangu seen alal,
noote leen ni banu mbedd.
7 Waaye Asiri gisewu ko noonu,
xalaatewul noonu;
bóome la xintewoo,
ba faxas xeeti xeet.
8 Mu ngi naan: «Xanaa du sama jawriñ
yépp a diy buur?
9 Kalne daa gën Karkemis gee ma nangu?
Am Amat daa gën Arpàdd?
Am Samari daa gën Damaas*?
10 Maa duma réew yu seeni yàllantu,
seeni tuur sut tuuri Yerusalem ak
Samari.
11 Na ma tege loxo Samari aki yàllantoom,
ndax duma ni tege loxo Yerusalem aki
tuuram?»
12 Boroom bi nee:
«Bu ma sottalee liggéey
fa kaw tundu Siyoŋ ak fa Yerusalem,
maay mbugale buurub Asiri réy-réyloom
gi,
ak gëti xeebaateem.»
13 Moom moo ne: «Sama dooley përëg laa
defe lii,
maa xelu, ràññee;
ba randal kemi suufi xeet yi,
foqati seeni alal,
dañ boroom jal ya niw yëkk, wàcce leen.
14 Maa teg alali xeet yi loxo,
ni ku gis am tàgg.
Maa tonneendoo réewi àddina
ni ku for ay nen, tonni lépp,
laaf tëf-tëfluwul, sàll newul ciib!»

15 Sémmiñ dina diir mbagg ka koy gore?
Am dogukaay dina réy-réylu ba sut ka koy
doge?

* **10.9** ***Kalne*** ak ***Karkemis*** ak ***Amat*** ak ***Arpàdd*** ak ***Damaas,*** ay dëkki Siri lañu.

Mbete yet wuy yékkati ka ko ŋàbb;
mbaa bolde bu walbatiku ŋàbb boroom!
16 Moo tax Boroom bi,
Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi,
di yebal woppi ràgg fi kaw mbuxreem yi,
seen daraja tàkk, sawara xoyom ko.
17 Aji Sax ji, leeru Israayil mooy doon sawara,
Ku sellam kooku mooy doon tàkk-tàkku sawara,
xoyom taxasi Asiri aki dégam ci benn bés.
18 Gott bu naat ak tool bu meññ, mu ne faraas sànk,
ba mu mel ni ku wopp, yaram way seey,
19 gott ba dese garab yu néew
yu gone mana lim, bind ko.

## *Ndesu Israayil dina ñibbi*

20 Keroog bés booba
li des fi Israayil ak li rëcce kër Yanqóoba
duñu wéerooti ña leen duma.
Aji Sax ji lañuy wóolu, wéeroo ko,
Aji Sell ju Israayil.
21 Aw ndes ay délsi,
di ndesu askanu Yanqóoba,
ñeel Yàlla Jàmbaar ji.
22 Seen xeet wi ni feppi suufas géej la tollu,
te as ndes a ciy délsi.
Àtteb sànkute mooy taxaw,
yoon toppe ba mat sëkk.
23 Sànkute déy mooy taxaw,
Boroom bi, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
di ko sottal fi réew mi mépp.

24 Moo tax Boroom bi,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
dafa wax ne:
«Yeen sama ñoñ ñi dëkke Siyoŋ,
buleen ragal waa Asiri yi leen di dóor yet,
dinañu xàcc bolde ni waa Misra daa def ak yeen.
25 Waaye fi leek lu néewa néew
mbugal jeex fi seen biir,
am sànj sippil Asiri seen sànkute.»
26 Aji Sax ji Boroom gàngoor yee di yékkati kàcciri ci Asiri,
na mu defoon waa Majan fa doju Oreb.
Mooy xàcc aw yetam, mu dal géej,
na mu defoon fa Misra.
27 Bésub keroog sëf bu ñu leen sëfoon wàcc leen,
ngeen tàggook yet wu ñu leen tënke woon,
ndax seen yaram ay naat, ba yet wa damm.

## *Noon yi songsi nañu*

28 Noon yeey songsi Ayat, jéggi Migron,
dem ba Migmas, teg fa seeni jumtukaay,
29 jaare ca xunt ma
te naan: «Geba lanuy fanaani!»
Waa Raama tiit, waa Gibeya, dëkku Sawul daw.
30 Yeen waa Galim, yuuxuleen,
yeen waa Laysa, dégluleen,
yeen waa Anatot, feeluleen.
31 Waa Madmena ñooy fëlxoo,
waa Gebim wuti rawtu.
32 Tey jii noon yaa ngay taxaw fa Noob,
di sànni loxo waa tundu Siyoŋ,
di ko tëkkoo waa Yerusalem googu.
33 Boroom baa ngoog, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
mu ngi gor garab yi, di rajaxe car yi,
njobbaxtal ya gëna kawe dog,
la ca gënoona siggi, wàcc.
34 Mooy jël sémmiñ, goraale gajji gott bi,
Libaŋ loroo loxol boroom doole, ba jóoru.

# 11

## *Daawuda am na kuutaay*

1 Aw njebbit mooy saxe fa ëkkub Yese*,
ab car soqeekoo fa reen ya,
2 xelum Aji Sax ji tegu fi kawam,
xelum rafet xalaat ak ràññee,
xelum digle ak njàmbaar,
xelum xam Aji Sax ji, ragal ko.
3 Ragal Aji Sax ji lay safoo,
du lu ko bëtam may lay àttee,
du lu ko noppam may lay dogale,
4 xanaa di àtte dëgg ku ñàkk,
di dogalal njub néew-ji-dooley àddina.
Mooy dóore àddina bantub kàddoom,
mooy reye ñu bon ñi ngelawal gémmiñam.
5 Njubte lay gañoo,
takkoo kóllëre.
6 Till ay bokk ak mbote ab dal,
segg bokk akub tef ab tëraay,
wëllu ànd ak gaynde gu mat, ak juru yar,
tuut-tànk jiite leen.
7 Nag ak rab wu aay di forandoo,
seeni doom goorandoo,

* **11.1** ***Yese*** mooy baayu Daawuda.

gaynde di lekkum ngooñ niw yëkk,
8 luy nàmp di fowe paxum ndox-suuf,
perantal di laal tostanum ñàngóor.
9 Deesatul gaañe mbaa di lore,
fi mboolem sama kaw tund wu sell wi,
ndax ni ndox di feese ba muur géej,
ni la àddina di feese nit ñu xam Aji Sax ji.
10 Bésub keroog car bawoo ca Yese, reen ba,
taxaw di raaya buy gindi xeeti àddina si,
jàmbur ñi di gëstusi,
dalluwaayam ba jagoo màggaayu Yàlla.

11 Bésub keroog Boroom bi jooti loxoom ñaareel bi yoon,
ngir jotaat ndesu ñoñam
wa des Asiri ak Misra ak Pattros ak réewum Kuus ak Elam ak Sineyaar ak Amat ak biir duni géej ya.
12 Mooy yékkatil xeet yi raaya,
dajale ña ñu dàqe Israayil,
ak ña ñu jële Yuda, tasaare leen,
ñu jóge ñeenti weti àddina, booloo.
13 Fiiraangey Efrayim day jeex,
njéefoy Yuda dakk,
Efrayim dootul fiire Yuda,
Yuda dootul jéppi Efrayim.
14 Xanaa ñu ne coww ba sowu,
ne jàyy cëppandoo
fa kaw waggi Filisteen ña,
waa penku, ñu sëxëtoondoo;
Edom ak Mowab, ñu teg loxo;
Amoneen ña nangul leen.
15 Aji Sax jeey wowal walum ndox,
ma séle géeji Misra.
Mooy tàllal loxoom, tiimale dexu Efraat,
wal kook doole,
dóor ko, mu séddalikoo juróom ñaari wal,
mu jaarale ca nit ñu caraxu,
16 def kow yoon, ñeel ndesu ñoñam, ña dese fa Asiri,
mu mel ni yoon wa ñeeloon Israayil,
bésub keroog ba ñuy génn réewum Misra.

# 12

*Cant jib na*

1 Bésub keroog dees na ne:
«Aji Sax ji, sant naa la;
yaa ma mere woon, meddi, dëfal ma.»
2 Ma ne: «Yàllaa may wallu,
ma dallu, duma tiit.
Sama dooleek sama kaaraange mooy Ki Sax,
di Aji Sax ji,
te mooy sama wall.»
3 Mbégte ngeen di rooteji
fa wali mucc ya.
4 Bésub keroog ngeen ne:
«Santleen Aji Sax ji, tudd turam,
xamley jalooreem ci biir xeet yi,
fàttali màggaayu turam.
5 Woyleen Aji Sax ji,
moo kawey jëf!
Na lii siiw biir àddina sépp.
6 Yeen waa Siyoŋ, serleen te sarxolleel Ku màgg ki fi seen biir,
Aji Sell ju Israayil.»

## Yàllaa moom xeet yi

# 13

*(Saar 13—23)*

*Yéeneb waxyu dal na Babilon*

1 Yéene bii ñeel na Babilon*,
muy peeñum Esayi doomu Amocc:
2 Yéegeleen ab raaya kaw tund wu ne duŋŋ,
joorleen ñii,
tàllalleen loxo,
ñu jàlle bunti kàngam yi.
3 Maa jox ndigal ñi ma beral sama bopp,
maa woo sama jàmbaar ñiy réy-réylu,
ne leen ñu sottal mbugal mi sama sànj laaj.

4 Coowal mbooloo ngoog ca tund ya,
mel ni ñu baree bare!
Riirum nguuri nguur yu daje, di xeeti xeet!
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
mooy dajale gàngooru xare.
5 Mooy bawoo fu sore,
fa asamaan digalook suuf.
Aji Sax ji laak gàngoor gi muy mbugale,
ngir yàqatesi réew mi mépp.

6 Yuuxuleen! Bésub Aji Sax ji moo dëgmal,
te ni sànkute gu bawoo fa ci Aji Man ji lay dikke.
7 Moo tax loxoo loxo yoqi,
xoloo xol jeex,

* **13.1 *Babilon*** tollu na ay jant yu mu mujj di puukarey xeet yi, ngir dooleem, te moo mujj yóbbu Yuda ngàllo.

8 ñu tiit a tiit,
yaram di fuddooka metti,
ñuy baddaañu ni kuy matu;
ku ne jàq, di xulli sa moroom,
kanam ya sël-sëleendoo.

9 Bésub Aji Sax jaa ngii di ñëw,
bés bu néeg, bésub mer ak sànj muy tàkk,
nara gental suuf,
te bàkkaarkat ya la fay faxas.
10 Biddiiw mbaa dëllooñ dootul leeral;
jant ay fenke lëndëm,
weer dakkal leeram.
11 Maay delloo àddina mbonam,
yool ku bon tooñam,
maay sàggi sagub ku reew,
detteel puukarey ku néeg.
12 Maay def nit gëna jafee gis wurus,
ba doom aadama raw wurusu Ofir.
13 Moo tax maay gësëm asamaan,
suuf yëngoo fa mu tege
ndax sànjum Aji Sax ji
Boroom gàngoori xare yi,
keroog ba meram di tàkk.
14 Ku nekk ay fekkiy bokkam,
rawi cam réewam,
mbete kéwél gu ñuy rëbb,
mbaa xar mu amul sàmm.
15 Ku ñu ci gis, jam la,
ku ñu jàpp, saamar rey la;
16 seeni doom, ñu moxoñe fi seen kanam,
seeni kër, ñu sëxëtoo,
seeni jabar, ñu tëdde.

17 Maa ngii di xabtal fi seen kaw waa
Medd,
ñi xintewoowul xaalis,
faalewuñu wurus.
18 Seeni fitt lañuy rajaxee xalelu góor,
duñu ñeewante gone,
duñu xool tuut-tànk gëti yërmande.

19 Babilon nag, mooy gànjaru réew yi ko
wër,
di teraanga ji Kaldeen ñiy sagoo,
waaye Yàllaa koy tas,
mu ne tasar ni Sodom ak Gomor.
20 Deesatu fa dëkk,
xanaa gental ba fàww.
Màngaan dootu fa samp xayma,
sàmm dootu fa gooral.
21 Ay rabi àll a fay goore,
kër ya fees aki looy,
bànjóoli dëkke fa,
bëyi àll di fa curpee.
22 Bukki mooy sabe fa tata ya,
till nangu kër yu bakkane ya.
Àppu Babilon jege na, ay fanam du fi wees.

# 14

1 Aji Sax ji kay mooy yërëm askanu
Yanqóoba, dellu tànn xeetu Israayil
woowu. Moo leen di sancaatal fa seen
suuf, doxandéem yi fekki leen; boole seen
bopp ci askanu Yanqóoba.
2 Yeneen xeet yeey delloo bànni Israayil
ba seen réew, mooma Aji Sax ji séddoo,
bànni Israayil jàpp ca ñoom njaam, góor ak
jigéen, ba teg loxo ña leen tegoon loxo,
moom ña leen moomoon.
3 Bés bu leen Aji Sax ji teggilee seeni
coonook seeni fitna, ba ngeen tàggook
njaam gu metti gi ñu leen tegoon,
4 su boobaa nangeen woyal buuru
Babilon léeb wii, ne ko:
«Moo nu ki daan noote mujje?
Nu mu mujjeek reewandeem?
5 Aji Sax jee damm bant,
bi ñu bon ñi daan dóoree!
Moo damm seen yetu nguur
6 wi ñu daan xadaruy dóor askan yi,
dóor yu dakkul,
di joggatee xeet yi xol bu tàng,
topp leen, tëë ba.
7 Àddina yépp a féex, am jàmm,
sarxolle jolleendoo.
8 Garab yi dul ruus, ak seedari Libaŋ sax
di bége sab jéll,
naan: "Ba nga daanoo ba tey,
ab gorkat jógalu nu."

9 Njaniiw ga fa suuf-a-suuf yàkkamti na la,
di la waaja gatandu,
ba yeel la ndem-si-yàlla yi doon njiiti
àddina yépp.
Moo yékkatee buuri xeet yépp seeni jal,
10 ñoom ñépp àddu, ne la:
"Yaw it, mujj nga néew doole ni nun am?
yaak nun de a mujj yem kepp!"
11 Sa puukare gee tàbbisi nii njaniiw,
yaak sa buumi xalam am?
Ay duusu di sa laltan,
ay sax di sa càngaay!

12 Moo yaw biddiiwu njël bi noon ràññ,
tey nga xàwweekoo asamaan ba fii!
Yaw mi daa daan xeet yi,
tey, ñu gor la, nga goor.
13 Xanaa du yaa doon wax ci sam xel, naa:
“Maay yéeg ci kaw asamaan,
maay aj sama jal ci kaw biddiiwi Yàlla,
maay toogi ci kaw tundu ndaje ma,
fa catal bëj-gànnaar.
14 Maay yéeg fa kaw niir ya,
ba mel ni Yàlla Aji Kawe ji!”
15 Teewul nga tàbbi njaniiw,
àkki ba ca xóotey pax ma.

16 Ku la gis ne la jàkk,
xel ma ne ci yaw, mu naa:
“Xanaa du kii a doon loxloo àddina,
yëngal réewi réew,
17 def àddina wërngal këpp ndànd-foyfoy,
tas dëkk ya,
te du jàpp nit ba yiwi ko?”
18 Buuri àddina yépp, ba ñu daj,
ñépp a tëdd tëraayu teraanga,
ku ci nekk ak bàmmeelam.
19 Yaw, ñu xañ la bàmmeel, sànni la,
nga mel ni car bu ñu foñ.
Yaa ngi ne lareet ci biir néew yu saamar
bóom,
ñu tàbbal leen ci xeeri biir kàmb.
Yaa ngi mel ni médd mu ñuy joggati.
20 Deesu la robaaleek yooyu buur,
yaa yàq sam réew,
faagaagal saw xeet.

«Deesul tuddati mukk askanu lorkat wii.
21 Waajalleen fi ñuy rendi doom yi,
feye leen seen ñaawtéefi baay,
bala ñoo jógati, teg àddina loxo,
ba tabax fu ne ay dëkk*.»

22 «Maa leen di jógal.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
Mu ne: «Maay tenqi turu Babilon, tenqim
ndesam
ba ca seeni doom ak seen askan.»
Kàddug Aji Sax jee.
23 Mu ne: «Maa koy def kërug suññeel,
def ko ab tan,
ba buube ko buubub rajaxe.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.

*Mbugal ñeel na Asiri*

24 Aji Sax ji Boroom gàngoor yee giñ ne:
«Lu ma nar déy mooy am,
lii ma mébét, mooy sotti.
25 Maay joggati Asiri fi samam réew,
dëggaate leen fi sama kaw tund yi,
ba sama ràngi ñoñ rengiku,
seenub yen yenneeku.»

26 Mii mébét lañu mébétal àddina sépp,
bii loxo lañu xàcc jëme ci xeet yépp.
27 Bu Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi
dogalee déy,
ana ku koy dogale?
Bu xàccee loxoom,
ana ku koy fommal?

*Ab yéeneb waxyu ñeel na Filisti*

28 At ma Buur Axas saayee,
bii yéene jib na:
29 Filistee, yet wi daloon ci seen gannaaw
damm na,
bu ko kenn ci yeen bége,
ndax ci ëkku jaan ji, la ñàngóor di génne,
am tostanam mujj di céebi.
30 Su boobaa ñi gëna walaakaana am lu ñu
for,
néew-doole ya goor, ànd ak dal.
Waaye yeen, maa leen di xiifal, ngeen dee
ba raaf,
xiif ba rey ñi ngeen dese.
31 Yeen magi pénc mi, ñaawluleen!
Yeen waa dëkk bee, yuuxuleen!
Na Filisti gépp ne yàcc!
Bëj-gànnaar déy la saxaar jollee,
kenn du wuute gàngooru noon ya.
32 Lees di tontu xeet wi yónnee di laaj,
xanaa ne leen Aji Sax jee sanc Siyoŋ,
te fa la baadooloy ñoñam di rawe.

# 15

*Ab yéeneb waxyu ñeel na Mowab*

1 Yéene bii ñeel na Mowab:
Genn guddi déy la Ar Mowab, dëkk ba tas,
ne mes!
Genn guddi déy la Kir Mowab tas, ne mes!
2 Nit ñaa ngi yéeg jëm kërug jaamookaay ga
ca Dibon,
ngir jooyi ca bérebi jaamookaay ya,

---
* **14.21** Manees na koo tekkee nii it: *bay feesal suuf aku ay.*

Mowab a ngay yuuxoo kaw tundu Nebo ak Medeba,
boppoo bopp dib nel,
sikkimoo sikkim xuufu,
3 nit ña sol saaku, di ñaawlu fa mbedd ya,
ak kaw taax yaak pénc ya,
ku ne di jooy ba say rongooñ wale.
4 Waa Esbon ak Elalee ngi yuuxu,
seen baat àkki ba Yaxacc,
xarekati Mowab dégg ca, yuuxoo,
ne yàcc ne yasar!
5 Maay jooy Mowab jooyi xol,
nit ñaa nga fay dawe ba Cowar,
àkki ba Eglat Selisiya.
Ña ngay yéeg jëm Luxit, di jooyoo,
awe yoonu Oronayim, di yuuxu.
6 Dexu Nimrim wow na,
ñax wow, gàncax lax,
dara naatatul.
7 Jël nañu lu ñu deseek lu ñu dencoon,
yóbbu, jàll ca wàllaa xuru Garab ya.
8 Yuux déy maase na réewum Mowab,
jooyoo ya ba Eglayim,
jooyoo ya ba Beer Elim.
9 Dexu Dimon déy fees na ak deret,
te ma nara wàcceel Dimon lu ko raw,
ba ku rëcce Mowab,
ak ku des ci réew mi, ma booleek gaynde!

## 16

1 Waa Mowab a nga naa:
«Yónneeleen boroom réew mi yóbbalu kuuy yu ndaw,
jële ko Sela, jaare màndiŋ ma,
yóti ko buurub Yuda fa tundu Siyoŋ mu taaru.»
2 Jigéeni Mowab a nga ca jàllukaayu dexu Arnon,
mel ni picc yu tasaaroo fa seeni tàgg,
di fët-fëtluy, naaw.
3 Ña nga naa njiiti Yuda:
«Xelalleen nu, àtte nu,
lalal nu bëccëg ndarakàmm ker gu mel ni guddi,
yiire ko daw-làqu yi nu doon;
buleen nu wor te nuy wuta raw!
4 Mayleen nu, nun ñi rëcce Mowab, nu dal ak yeen,
te ngeen làq nu bóomkat.»
Kiy noote déy day jeexal, sëxëtoo dakk,
kiy lore ci réew mi jóge fi,
5 ab jal sampe fi ci ngor,
ki ci toogee jikko ju dëggu di askanu Daawuda
te di njiit luy sàkku yoon, yàkkamti àtteb dëgg.

6 Noo dégg ni Mowab réye,
réya réy, reew te bew,
seeni kañu di waxi neen.
7 Moo tax Mowab di jooy ba ñéppi Mowab jooyoo,
ndax namm nàkku reseñ ba woon ca Kir Eres,
ba ne yàcc, di binni.
8 Tool ya fa Esbon day wow,
njiiti xeet yee dëggaate ngëneelu reseñ gu Sibma,
te cabb ya lalu woon ba Yaser,
ba àkki déndu màndiŋ ma,
car ya law ba wàllaa géej.
9 Jooyi waa Yaser laay jooy reseñ ga fa Sibma,
yeen waa Esbon ak Elale, ma sange leeni rongooñ,
nde fa ngeen di dajaleek fa ngeen di góobe,
coowal mbégtee fay dakke.
10 Mbégteek bànneex ay toxoo seeni tool,
ay woy aki sarxolle noppee jibe seeni tóokër,
te nalkatu reseñ naltil fa mbànd ya!
Aji Sax jee dakkal coow li.
11 Maa ngi yërëm Mowab, bay binni ni buumu riiti,
sama yaram daw ci Kir Eres.

12 Mowab a ngoog ak coonoom,
ba muy deme fa bérebi jaamookaay ya,
dugg kër yàllaam di ñaan te du am.
13 Lii la Aji Sax ji waxoon bu yàgg ci mbirum Mowab,
14 tey Aji Sax ji wax ne:
«Fileek ñetti at yu surga bu ñu bind wañ̃ñ,
dees na sàggi sagub Mowab,
te li ñuy bare tey lépp,
seenum ndes ay néew lool te tekkeedi.»

## 17

*Ab yéeneb waxyu ñeel na péeyub Siri*

---
* **17.1** ***Damaas*** mooy péeyub Siri.

1 Yéene bii ñeel na Damaas*:
«Damaas a ngii, léegi mu noppee doon ab dëkk,
xanaa ab jalu tojit;
2 dëkki Arower gental,
gàtt yi jagoo,
goore fa, kenn du leen dàq.
3 Tata dina tukkee diiwaanu Efrayim,
nguur foqe dëkk ba ñuy woowe Damaas,
te ndesu Siri du ëpp bànni Israayil daraja.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoori xare yi.

4 «Bésub keroog sagub Yanqóoba sàggiku,
yaram wa réer ko, mu jeex tàkk.
5 Day mel nim ngóob
mu loxol góobkat bay dal, di dajale gub ya.
Day mel ni ngóob ma ca xuru Refayeen,
6 fa dara dul des lu moy am poraat;
mu mel ni wittum oliw,
bu noppee ñaari doom ak ñett ay des ca kaw,
mbaa ñeent ba juróom ci car yi meññ.»
Kàddug Aji Sax jee, Yàllay Israayil.

7 Bésub keroog nit geestu Ki ko sàkk,
ba ne jàkk Aji Sell ju Israayil.
8 Dootul soxlaati lenn ci sarxalukaay
yi mu sàkkal boppam.
Dootul sax xoolati yooyu mu defare loxoom,
du xer yi ñuy jaamoo Asera,
du yeneen sarxalukaayi cuuraay.

9 Bésub keroog seen dëkk yi tata wër,
dees na leen won gannaaw
ni gott yaak njobbaxtali tund ya,
ba bànni Israayil nootee réew ma,
lépp ay doon ab gent.
10 Yeena fàtte Yàlla ji leen di musal,
bawuleen xel seen cëslaay jiy seen rawtu,
xanaa di jëmbatal seeni tuur ay tooli ngëneel,
di ji jiwu mu bawoo feneen.
11 Bés ba ngeen ko jëmbatee, ngeen gis mu sax,
ëllëg ba bët setee, mu tóor,
te ngóob réer bésub wopp,
ci biir mitit wu amul paj.

12 Ndeysaan, mii riirum gàngoor yu mag!
Xeet yu bareey riir ni riirum géej,
ànd ŋarandoo ni géej gu sàmbaraax,
gannax ya ŋarandoo.
13 Xeet yaa ngi ŋarandoo
ni ndox mu baawaan,
Yàlla gëdd leen, ñu daw ba sore;
ngelaw yëngu, ñu naaw,
ni boob, ba ca kaw tund ya,
mbete pënd bu ngëlén wal, mu def callweer.
14 Ngoon a ngay jot, tiitaange ne jaas,
balaa bët a set lépp jeex.
Lii mooy añub ñi nuy sëxëtoo,
lii mooy deminu ñiy nangu sunu alal.

# 18

*Ab yéeneb waxyu ñeel na réewum Kuus*

1 Wóoy ngalla réew ma gunóor yay riire,
ca tàkkal dexi réewum Kuus.
2 Yeen ñiy yónni biir géej, ay ndaw,
ci gaali barax yu war mbeex mi;
yeen ndaw yu gaaw yi, demleen,
fekki xeet wu siggi, rattax yaram,
askan wu ñu ragale fu jegeek fu sore,
xeet wu am doole, di falaxee,
te seenum réew defi wal.

3 Yeen waa àddina wërngal këpp,
yeen ñi dëkke suuf si,
séentuleen raaya ba sampe fa tund ya,
dégluleen bufta ba ñuy wali.
4 Aji Sax ji kat da maa wax ne:
«Maa ngi fi ma tollu di xool, ne tekk,
ni tàngooru jant bu ne ràññ,
mbaa lay bu defu niir ci tàngooru ngóob.»
5 Bala ngóob di jot, te fekk lépp tóor,
ba tóor-tóor def reseñ ju xaay,
mu jël ab sàrt, dog car yu ndaw yi,
tenqi car yu mag ya, sànni;
6 ñu boole waccal njanaawi tund ya
ak rabi àll yi,
tan yi nawetoo ko,
rabi àll yépp nooroo ko.
7 Su boobaa ñu indil Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
galag bu bawoo ci xeet wu siggi, rattax yaram,
askan wu ñu ragale fu jegeek fu sore,
xeet wu am doole, di falaxee,
te seenum réew defi wal,
galag ba agsi ba tundu Siyoŋ,

fa Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi dëël
turam.

## 19

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Misra*

1 Yéene bii ñeel na Misra:
Aji Sax jaa ngii war niir wu gaaw,
jëm réewum Misra.
Yàllantuy Misra yég ko, di lox,
fitu waa Misra rëcc.
2 Maay xiir Misra ci kaw Misra,
kii song mbokkam, kii song xaritam,
ab dëkk jógal ab dëkk, diiwaan jógal
diiwaan.
3 Waa Misra jànnaxe,
ma dëpp seen pexe.
Ñu seeti yàllantu yeek njuuma yi,
ak boroom rawaan yi ak ñi gisaane nit ñu
dee.
4 Maay teg Misra ci loxol sang bu néeg,
buur bu dëgër xol jiite ko.
Kàddug Boroom bee, Aji Sax ji ci gàngoor yi.

5 Ndoxum Niil ma day fer;
dex gaay ŋiis, wow koŋŋ,
6 solom ya xasaw,
wali Misra diib ba far ŋiis,
barax ak lu mu xeetool lax,
7 gàncax ga leru dexu Niil
ak ga saxe fa dex ga dabe géej,
ak lu ñu jiwoon ca wet ga,
lépp ay wow, naaw, ba jeex.
8 Nappkat di jàmbat,
kuy sànnib oos dexu Niil di jooy,
kuy mbaal waaru,
9 kuy liggéey lẽe am mbetteel,
kuy jàrt aka ràbb poqe jommi.
10 Ñi yor réew mi dañuy sëngéem,
kuy liggéey di feyu am naqaru xol.

11 Kàngam ya fa Cowan* dañuy teqalikook
seen sago,
ñu ñaw ñiy xelal Firawna digle ag ndof.
Ma ne: «Yeen boroom xalaat yi, nu ngeen
mana waxe Firawna naan:
“Nun ay boroom xel lanu,
sosoo ca buur ya woon”?»
12 Firawnaa, ana say boroom xel?
Nañ la waxal boog, ba xamle
li Aji Sax ji Boroom gàngoor yi naral Misra.
13 Kàngami Cowan a ngi def yëfi dof,
kàngam ya fa Memfis, ñu nax leen,
te njiiti giiri Misra lajjal seen waa réew.
14 Aji Sax jee miirloo Misra,
gëlëmal ko ci lépp lu muy def,
ni màndikat buy jang ba tarxiis cim
waccoom.
15 Du lenn lu kenn manatee defal Misra,
bopp akub geen du ci am pexe,
te bantub tiir ak barax a ci yem.

### *Lu jëm ci muju Misra*

16 Su bés baa waa Misra mel niy jigéen,
di lox ndax tiit loxo bi jóg,
te Aji Sax ji Boroom gàngoor yi xàcc ko
jëme ci moom.
17 Yuday doon tiitaangey waa Misra,
ba ku ñu ci tudd Yuda, nga tiit,
ngir la leen Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
naral.
18 Su keroogee mu am juróomi dëkki
réewum Misra
yu nit ñay waxe làmmiñu ebrë,
di fa giñe Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
benn dëkk ba lañuy woowe Ir Ayeres,
dëkkub yàqute.
19 Bésub keroog ab sarxalukaay ñeel Aji
Sax ji,
fa digg réewum Misra,
aw doji xàmmikaay it ñeel Aji Sax ji fa kemu
réew ma,
20 loolu di firnde, ñeel Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi,
di lu ko seedeel fa biir réewum Misra.
Bu ñu leen sonalee ba ñu woo Aji Sax ji,
mu yónnee leen ku leen wallu,
taxawu leen ba xettali leen.
21 Bésub keroog Aji Sax ji ci boppam mooy
xamal Misra mooy kan,
ba waa Misra xam Aji Sax ji,
di jaamoo Aji Sax ji saraxi gàtt ak saraxi
pepp,
digook moom tey wàccook seeni dige.
22 Aji Sax jeey duma Misra
duma yu ànd akum paj,
ñu walbatiku ci Aji Sax ji,
mu nangul leen, faj leen.
23 Su keroogee mbedd bawoo Misra ba
Asiri,
waa Asiri di dikk ba Misra,
waa Misra di dem ba Asiri

* **19.11** ***Cowan*** ak ***Memfis,*** ay dëkki Misra lañu. Seetal it ci aaya 13 (19.13).

te Misra di jaamoondook Asiri.
24 Bésub keroog Israayil ñetteel Misraak Asiri,
di barke fi digg àddina.
25 Aji Sax ji barkeel leen, ne:
«Barke ñeel na Misra, sama ñoñ,
ak Asiri mi ma sàkke samay loxo,
ak Israayil sama séddoo.»

# 20

### *Kàddug waxyu ñeel na Misra ak Kuus*

1 At ma bummib Asiri demee ca ndigalal
Sargon buurub Asiri, ba songi dëkk ba ñuy
wax Asdodd ca Filisti, ba mujj ko nangu,
2 fekk na Aji Sax ji wax, Esayi doomu
Amocc jottali. Mu ne ko: «Demal summi
tubéyu saaku ji nga sol, te summi say dàll.»
Mu def noona, di doxe yaramu neen, tànki
neen.
3 Gannaaw gi, Aji Sax ji ne: «Esayi sama
jaam bi def na yaramu neen, tànki neen lu
mat ñetti at, muy firnde, di tegtal ci
mbirum Misra ak réewum Kuus.
4 Te noonu la buurub Asiri di yóbboo
ngàllo Misra, toxal waa Kuus, ñuy ay ndaw
aki màggat. Yaramu neen, tànki neen lañuy
def, seen taat ne fàŋŋ, muy gàcceg Misra.
5 Dañuy boole njàqareek gàcce ndax
réewum Kuus mi ñu yaakaaroon, ak Misra
gi ñu doon sagoo.»
6 Bu keroogee ku dëkke tefes googu dina
ne: «Xanaa kay du ñii lanu yaakaaroon! Te
nu dawoon di wuti ndimbal ci ñoom, ngir
rëcc buurub Asiri! Léegi nag nu nuy
mucce?»

# 21

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Babilon*

1 Yéene bii moo wàccal màndiŋ ma feggook
géej ga:
Ni ag ngëlén di riddee jaare Negew,
ni la noon di bawoo màndiŋ ma,
jóge réew mu raglu.
2 Peeñu mu ñàng lañu ma ci wax.
Workat biy wor, yàqkat biy yàq.
Yeen waa Elam*, songleen; yeen waa Medd, gawleen leen.
Dakkal naa mboolem onk yu ñu sabab.
3 Lii a waral sama njàqareg xol,
mitit jàpp ma, mel ni mititu mat,
ma jaaxle ba déggatuma,
jàq ba gisatuma.
4 Bopp ubu, tiitaange jàpp ma;
sama ngoonug bànneex
soppiku guddi gu raglu.

5 Ndab taaje, laltan lale,
ñuy lekk aka naan.
Ñu jekki ne: «Yeen kilifa yi, jógleen!
Diwleen pakk yi!»
6 Boroom bi kat da maa wax, ne ma:
«Doxal taxawal ab wattukat,
lu mu gis, wax ko.
7 Bu gisee gawar ci watiiru ñaari fas,
ak ñu wari mbaam ak ñu wari giléem,
na teewloo teewlu bu baax.»
8 Wattukat ba àddu ca kaw ne:
«Sang bi, maa ngii yendoo séentu,
fanaane wattu fii ma taxaw.
9 Ma ne gawar a ngii,
war watiiru ñaari fas.
Nee: "Daanu nañoo, Babilon daanu na,
jëmmi tuuram yépp tasaaroo fi suuf!"»
10 Yeen bokk yi ñu bàcc ni pepp ca sama dàgga ja,
la ma dégge ci Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom gàngoor yi,
wax naa leen ko.

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Duuma*

11 Yéene bii moo wàccal Duuma†:
Nit a ngi may woowe tundu Seyir, naan:
Wattukat bi, lu des ci guddi gi?
Éy wattukat bi, lu desati ci guddi gi?
12 Wattukat bi ne:
«Bët set, mu guddeeti rekk;
boo amee looy laaj, délsil laajaat ko.»

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Arabi*

13 Yéene bii moo wàccal Arabi:
Yeen cëggi askanu Dedan‡,
mbooyum Arabi ngeen di fanaane.
14 Yeen waa Tema, dajejileen ak ña mar,
yóbbul leen am ndox.
Dogileen ñay daw,
may leen ñu lekk.

---

* **21.2** ***Elam,*** am réew la mu bokkoon ci nguurug Pers, te di ab diiwaan ci réewum Iraan mu jamonoy tey. † **21.11** ***Duuma,*** ci Arabi la féete, feggook Seyir mbaa Edom. Baat la itam buy tekki «selaw» ci làkku yawut. ‡ **21.13** ***Dedan*** ak ***Tema*** ak ***Kedar,*** ay xur la yu waa Arabi dëkke. Seetal it ci aaya 14-17 (21.14-17).

15 Ay saamar de lañuy daw;
saamar bu ñu xàcc
ak fitt gu ñu leen diir
ak tàngooru xare.
16 Aji Sax ji de da maa wax ne ma: «Fileek
menn at mu surga bu ñu bind waññ,
sagub dëkk bii di Kedar dina sàggiku,
17 li des ci jàmbaari fittkati Kedar di lu
néew.» Aji Sax ji Yàllay Israayil wax na ko.

# 22

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Yerusalem*

1 Yéene bii ñeel na xuru Peeñu ma*:
Ana lu ngeen di yéege,
yeen ñépp seen kawi taax?
2 Lu waral coow li ak xaxaloo bi,
ba dëkk biy riir?
Ñi ngeen deele, saamar reyu leen,
bóomuñu leen ci xare.
3 Seen njiiti xare yépp a bokk daw,
ñu jàpp leen te taluñoo fitte.
Seen njiit yi ñu gis yépp lañu jàpp,
te ñu dawoon ba sore.
4 Moo ma tax ne: «Buleen ma xool,
damay naqarlu, jooy.
Tàyyileen maa dëfal ci sama bokk yi sànku.»
5 Lii kat bésub njommite laak coonook
toroxte,
bésu Boroom bi, Aji Sax ji ci gàngoor yi,
ci biir xuru Peeñu mi.
Tata ja, ñu rëkk a rëkk, mu màbb,
yuux jolli, àkki tund ya.
6 Waa Elam gàllooy fitt,
ñenn ña war watiir, gawar ya war,
waa Kir ŋàbb pakk ya.
7 Seen xur yu nangu yaa fees aki watiir,
gawar taxaw temm buntu Yerusalem,
8 te Yuda ne duŋŋ, dara wëru ko.

Su keroogee ngeen yaakaar ngànnaay
ya ca kër ga ñuy woowe Gott ba,
9 far gis ni ñu bëtt-bëttee tatay Yerusalem
ji wër gox bi ñu naan Kër Daawuda.
Ngeen rooti ndox ca solom bu suufe ba,
denc ko,
10 boole ca waññ këri Yerusalem,
màbb lenn, sàkk ca lu ngeen aare tata ya.
11 Da leen di fekk sàkk mbànd diggante
ñaari tata yi,
ngir denc ca ndoxum déeg bu yàgg ba.
Waaye xooluleen ki dogal lii,
xalaatuleen ki nasoon lii bu yàgg.

12 Bésub keroog, Boroom bi, Aji Sax ji ci
gàngoor yi
moo leen di woo ci jooyoo ak ñaawlu
ak wateefu nel ak colu saaku ngir ñaawlu.
13 Te yeena ngii ci mbég ak bànneex,
di rendi nag ak xar,
di yàpp aka naan,
naan: «Nan lekk, naan, nde ëllëg nu dee!»
14 Aji Sax ji ci gàngoor yi dégtal na ma lii:
«Gii ñaawtéef déy deesu leen ko jéggal,
ba keroog ngeen di dee.»
Boroom bee ko giñ,
moom Boroom bi, Aji Sax ji ci gàngoor yi.

### *Kàddug artu ñeel na Sebna*

15 Boroom bi, Aji Sax ji ci gàngoor yi dafa
wax ne: «Ayca, demal ba ca Sebna,
bëkk-néegu buur sii, nga ne ko:
16 Ana loo fi am, ak koo fi am?
Nga di fi yattlu bàmmeel, yatt ko ca kawte
ya,
di gaslu kër gooy mujje?
17 Jàmbaar, dama ne Aji Sax jee lay xalab;
da la naa nikk,
18 fodonk la, rattax,
nga xalangoo àll bu ne màww.
Fa ngay dee,
te fa la watiir yi ngay puukarewoo di des,
muy sa gàccey waa kër sang.»
19 Aji Sax ji nee: «Maa lay jële sa liggéey,
foqatee la sa péete mu kawe.
20 «Bésub keroog ma woo sama jaam bi,
Elyakim doomu Ilkiya,
21 solal ko sa mbubb, dooleele ko sa
laxasaay, teg kilifteefu réew mi ci loxoom,
ba mu féete wàllu baay waa Yerusalem ak
waa kër Yuda.
22 Maa koy ràng caabiy kër Daawuda,
muy ubbi te kenn du tëj; di tëj te kenn du
ubbi.
23 Maa koy samp fu dëgër ni ab
wékkukaay, mu doon sagu kër baayam.
24 Waa kër baayam ak seen daraja, ñépp
ay wékku ci moom, car yaak caraat ya.
Ndab yu ndaw yépp ca la, kopp ya ba ca
njaq ya.

* 22.1 ***xuru Peeñu ma*** mooy xur wi Yàlla doon feeñoo.

[25] Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
Boroom gàngoor yi, mu ne: «bant ba sampe
woon fu wóor day simpiku. Dees koy gor,
mu fàq, la ca sëfe woon dog.» Aji Sax ji déy
wax na ko.

# 23

### *Ab yéeneb waxyu ñeel na Tir*

[1] Yéene bii ñeel na dëkk ba ñuy wax Tir*:
Yeen waa gaali Tarsis ñi deele, jooyleen!
Lépp a yàqu!
Du kër, du teeruwaay.
Fa dunu Sippar† lañu leen ko waxe.
[2] Yeen waa tefes,
yaw Sidon laa ne, na say jula ñaawlu,
yaw miy yónni nit ñu jaare géej,
[3] war ndox ya ne xéew,
peppum Sixor‡ di sa tono,
ak ngóobum Niil
ma xeet yi daan jula.

[4] Yaw Sidon, gàcce ñeel na la,
géej moo wax, tatay géej a ne:
«Masumaa matu, masumaa jur,
yaruma gone gu góor, yarumab janq.»
[5] Bu xibaar ba àggee Misra de,
ñu naqarlu deminu Tir.

[6] Jàllal ba Tarsis§,
yeen waa tefes ga fa ne, jooyleen jooyi dëj.
[7] Xanaa lii du seen dëkk bu xumb ba,
te cosaanam di janti démb,
nit ña di fa jógey sancaani fu sore?
[8] Ana ku fexeel lii Tir ma daan fale,
ay julaam diy kàngam,
di jaaykat yi àddina teral?
[9] Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko fexe,
ngir sàggi sagub képp ku fiy damu,
ba teddadil képp ku àddina teral.

[10] Yeen waa Tarsis, defleen ni dexu Niil,
walal seen réew;
kenn tereetu leen.
[11] Aji Sax ji tàllal na loxoom, tiimale géej,
yëngal réew yi,
ba santaane ñu màbb tatay Kanaan.
[12] Nee: «Yeen waa Sidon ñi mel ni janq bu
ñu siif, tëdde ko,
dootuleen xaxaloo.

Ayca, dawleen jàlli ba dunu Sippar,
te du tax ngeen am fa noflaay.»
[13] Xoolleen li dal réewum Kaldeen ñi.
Dootuñu sax aw xeet.
Asiri wacce na leen rabi màndiŋ mi.
Tabax nañu, gaw ko, màbb këri buur ya,
gental ko.
[14] Yeen boroom gaali Tarsis, yuuxuleen ni
ñu deele,
seen tata màbb na!
[15] Bu keroogee ñu fàtte Tir juróom ñaar
fukki at, ni àppu benn buur. Bu juróom
ñaar fukki at yi matee, Tir xewle la ñu
woyal gànc ba, ne ko:
[16] «Yaw gànc bi ñu wacc, fabal sa xalam,
wër dëkk bi,
xalamal a xalam te gëna woy,
ndax ñu geesu la.»
[17] Bu juróom ñaar fukki at yi matee, Aji
Sax ji dikkal Tir, ñu delluy liggéey, di feyu,
di gànctook mboolem réewi àddina fi kaw
suuf.
[18] Waaye seen ñaq ak seen peyoor, dees
koy sellalal Aji Sax ji, deesu ko dajaleeka
denc. Ñi dëkk fi kanam Aji Sax jeey jagoo
njariñ la, mu di leen dundal ba ñu regg, di
leen solal col gu jekk.

## Kàddug waxyu ñeel na mujug jamono

# 24

*(Saar 24—27)*

### *Mbugal daj na àddina*

[1] Aji Sax jaa ngii di tas àddina,
tasaare ko,
salfaañe li fi dénd bi,
wasaare ñi ko dëkke:
[2] sarxalkat beek baadoolo bi,
sang akub jaam,
njaatige lu jigéen ak ab janqam,
jaaykat ak jëndkat,
ablekat ak àbbkat,
leblekat ak lebkat.
[3] Àddinaa ne duŋŋ duŋŋaaral,
dees koo futti ba mu ne furaas!
Aji Sax ji kat wax na kàddu gii!
[4] Suuf a ngi wowa wow, ne sereŋ,

---

* **23.1** ***Tir ak Sidon,*** ay dëkk yu am solo la woon ca Fenisi, ci réew mi ñuy wax Libaŋ tey. Seetal it ci aaya 4 (1.4).
† **23.1** Mbaa: *dunu Kitim.* ‡ **23.3** ***Sixor*** mooy dexu Niil. § **23.6** ***Tarsis,*** ab sanc la bu bokkoon ci Tir, ca wàllu Espaañ.

àddina ne làcc, ne sereŋ,
kàngami xeeti àddina ne làcc.
5 Suuf si la ñi ko dëkke sobeel,
ñoo wàcc yoon yi,
xëtt ndigal,
fecci kóllëre gi sax dàkk.
6 Moo tax alkànde yàq suuf,
ñi ko dëkke gàddu àq ji.
Moo tax waa àddina raaf,
ba ñi des di lu néew.
7 Biiñ ñàkk na,
garabu reseñ lax,
bépp xol bu tooyoon, binni.
8 Tabala ju xumb selaw na,
ña daa xaxaloo dal,
mbégtem buumi xalam dakk.
9 Kenn naanatul, di woy,
ñoll wex na ka koy naan.
10 Dëkk bu gental tasaaroo na,
kër yépp tëje, kenn duggul.
11 Mbedd maa ngi soowaloo,
ndax biiñ bu ñàkk,
gépp mbégte fey,
bànneexu àddina dëddu.
12 Tojiti neen a des ci dëkk bi,
bunt ba rajaxoo.
13 Noonu lay deme ci àddina,
ci biir xeet yi,
mbete benn-benni doomi oliw gu ñu gësëm,
mbaa doomi reseñ yu des ca ndey ja,
gannaaw bu ñu wittee ba sottal.

## *Ndes wi rëcc mbugal a ngi sant*

14 Ña ngay xaacu di sarxolle,
waa sowu di sàbbaal ci màggug Aji Sax ji.
15 Yeen waa penku, sargalleen Aji Sax ji boog,
yeen waa duni géej, teralleen Aji Sax ji Yàllay Israayil.
16 Cati àddina lay woy di jibe, nu dégg ñu naa:
«Màggaay ñeel na Aji Jub ji!»

## *Coono jeexul*

Waaye man dama ne: «Jeexle naa!
Jeexle naa, wóoy man!
Workat yaa ngi wor a wor,
ba far làggi ci wor.»
17 Yeen waa àddina,
kat-kat, pax akub caax dëgmal na leen.
18 Nga déggi yuux, daw,
tàbbi biir pax,
génne pax,
laawoob caax.
Mbàndi kaw kat ubbi na,
suufu àddina di rëŋ-rëŋi.
19 Suuf daa loroo loru,
fett a fett,
salfaañoo salfaañu.
20 Suuf a ngi jang a jang ni màndikat,
ba joy ni mbaar,
moyam diis ko gann,
mu daanu te du jógati.

## *Aji Sax jeey nguuru fa Siyoŋ*

21 Bu bésub keroogee
Aji Sax ji dikke mbugal
gàngoor ya fa kaw-a-kaw,
ak buuri àddina yi fi suuf.
22 Dees leen di boole denc cim pax,
ne leen ràpp tëj,
ba mu am ay fani fan, ñu mbugal leen.
23 Kersa la weer wiy am,
gàcce ñeel jant bi;
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi daal
mooy nguuru Yerusalem, kaw tundu Siyoŋ,
leeram ga jollee fa kanam magi ñoñam.

# 25

## *Cant jib na*

1 Aji Sax ji, yaay sama Yàlla,
dama lay teral, di la sant.
Yaa defi jaloore,
muy dogal yu yàgg, wér te wóor.
2 Yaa def dëkk bi jali doj,
dëkk bii ñu dàbbali nga gental;
taaxu doxandéem yi noppee doon péey ba fàww,
te deesu ko tabaxaat.
3 Moo tax xeet wu am doole di la màggal,
waa péeyu xeet yu néeg di la wormaal.
4 Yaa di rawtub néew-ji-doole,
di rawtub aji ñàkk, biir njàqare,
yaay mbaar mu ñuy yiiroo waame,
di ker gu ñuy féexloo ci tàngoor,
ndax merum kilifa gu néeg
mooy waame wu ne yureet ci kaw ab tabax.
5 Doxandéem yii diy noon,
ni ngay dàqe tàngoor fi béreb bu ne sereŋ,
ni ngay dakkale seen coowal xare.

Ni aw tàngoor di dakke ndax aw niir,
ni la woyu ñu néeg ñi di selawe.

## *Bernde ñeel na xeet yépp*

6 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
mooy berndeel xeet yépp fi kaw tund wii,
bernde ju niin ak ngëneelu biiñ,
yàpp wa duuf, yuq ga ne xéew,
ak tànnéefu biiñ bu teey.
7 Fi kaw tund wii lay tukkile càngaay
li sàng askanoo askan,
ak séru rabal bi ñu ràbbal xeetoo xeet.
8 Mooy mëdd dee ba fàww!
Boroom bi Aji Sax jeey fompe
gépp kanam rongooñi boroom.
Buumi gàccey ñoñam it,
moo koy doge fépp ci àddina.
Aji Sax ji kat wax na ko.

9 Bésub keroog dees na ne:
«Sunu Yàllaa ngii nag!
Moom mii lanu yaakaaroon
te moo nuy wallu.
Aji Sax jii lanu yaakaaroon,
nan bég te bànneexoo wallam.»

## *Aji Sax ji tas na Mowab*

10 Aji Sax ji kat teg na tund wii loxo,
te ni ñuy dëggaatee mboobum sën ba,
ni lees fiy dëggaatee Mowab.
11 Mowab dina féqoo féqu,
mel ni kuy jéema féey,
waaye Aji Sax jee leen di toroxal,
ñook seen manoore.
12 Seen tata yu kawe, mu fél, màbb;
rattax fi suuf, maasale.

# 26

## *Aji Sax jeey may ñoñam ndam*

1 Bésub keroog dees na woy
wii woy fi réewum Yuda:
«Dëkk bu dëgër lanu am,
Yàllaa nu may kaaraangey tata, biir ak biti!
2 Ubbileen bunt yi,
ba xeet wi jub te sàmm ngëm duggsi!
3 Yaw Aji Sax ji,
ku dogu, pastéefu, wóolu la,
nga may ko jàmm ju mat,
nde moo la wóolu.
4 Wóoluleen Aji Sax ji tey ak ëllëg;
Ki Sax, di Aji Sax ji déy,
moo mat cëslaay ba fàww.
5 Moo wàcce ñi dëkke woon fa kaw,
moo detteel waa dëkk ba aju woon,
daaneel leen, ñu xalangu,
ba mëq suuf,
6 baadoola joggi, dëggaate,
néew-ji-doole noote leen.»

7 Ku dëggu, yoonam day maase;
ku dëggu, Aji Jub ji jubal xàllam.
8 Aji Sax ji, nu ngi lay xaar,
fi sa kaw yoonu santaane yi,
di tudd sa tur, di la bàyyi xel,
lii déy, mooy sunu nammeelu xol.
9 Xol laa lay sàkkoo guddi,
sama jëmm jépp di la laaj.
Bu say àtte teewee fi kaw suuf,
waa àddina xame ca luy njub.
10 Ku bon, boo ko yërëmee,
du jàng tus ci njubte.
Biir réew mu nit ñay jubal
lay xal di luubale,
du faale màggaayu Aji Sax ji.
11 Aji Sax ji, yaa xàcc sa loxo,
waaye yéguñu ko.
Won leen ni nga nabe ci sa ñoñ, ñu rus,
te sawaraay xoyom sa noon yooyu.
12 Aji Sax ji, yaa nuy defal jàmm,
te lépp lu nu def, yaa nu ko sottalal.
13 Aji Sax ji sunu Yàlla,
yeneen sang yu la moy moom nañu nu,
waaye saw tur rekk lanuy màggal.
14 Yooyu sang dee nañu, nekkatuñu,
wuute nañu, jógatuñu.
Yaa def nii, faagaagal leen,
ba far sax seen tur.
15 Aji Sax ji, yaa yokk xeet wi,
yaw mii yaa yokk xeet wi,
yaa fésal sa màggaay,
yaa yokk mboolem kemi réew mi!

16 Éy Aji Sax ji, ci biir njàqare lañu la sàkkoo;
ba ñu tegoo sa mbugal,
lañu la déey seenug ñaan.
17 Éy Aji Sax ji, ni kuy matu
lanu meloon fi sa kanam,
di wañaarooka yuuxu.
18 Danoo ëmb bay matu
te jurunu lu moy ngelaw.
Indiwunu genn mucc ci àddina,
mayunu ci kenn lu ko taxa dund.

19 Waaye yaw askan wi, ñi nga deele
ñooy dellu dundaat,
seeni néew ay dekki,
ku doon nelaw sa biir bàmmeel,
yewwu, sarxolle.
Aji Sax jeey yebal lay bu ànd aki leer,
suuf delloosi ña dëddu.

*Mbugal ñeel na géej ak jéeri*

20 Yeen samaw askan, ayca duggleen seeni
néeg,
tëju ca biir.
Làquleen as lëf, ba sànj mi jàll.
21 Aji Sax ji kat a ngii di génne màkkaanam
ma,
nara dikke waa àddina mbugalu ñaawtéef,
ba suuf wone deret ji ñu tuur fi kawam,
te dootul sàng ñi ñu bóom.

# 27

1 Bésub keroog Aji Sax ji dikke saamaram
bu jàmbaare, ñàng te réy,
ba dal ci kaw Lewiyatan, jaan ja ca xél wa,
Lewiyatan jaan jay wañaaruy dem,
ninki-nankay géej jooju lay rey.

*Aji Sax ji juboo naak ñoñam*

2 Bésub keroog, tóokëru reseñ ju neex am,
nangeen ko woy,
3 te man Aji Sax ji maa koy toppatoo,
di ko suuxat saa su ne,
di ko wattu guddeek bëccëg,
bala koo kenn a song.
4 Mereetuma tóokër bii,
waaye lu ciy dég aki dagg,
ma dox wuti ko, xareek moom,
boole lépp xoyom.
5 Xanaa ku langaamoo sama kiiraay
te jàmmook man,
ba jàmmook man.
6 Ay bés a ngi ñëw Yanqóoba saxi reen,
Israayil moomooy tóor, law,
ba feesal déndu àddinaak meññeef.

7 Defe ngeen ne Aji Sax ji duma na Israayil,
na mu dumaa ña leen duma woon?
Am bóomal na leen lu tollook
la seeni bóomkat bóomoon?
8 Ndànk-ndànk la jëflanteek ñoom,
ba mu leen toxalee,
dàqe leen noowam gu mag,
bésu ngelawal penku.
9 Nii la Yanqóoba jotoo ñaawtéefam,
nii la mujje am njéggalu bàkkaaram:
day boole doji sarxalukaay bi yépp,
rajaxe ni doji kew,
xer wu ñuy jaamoo Asera dootu fa sampe,
mbaa sarxalukaayi suurukaay.
10 Dëkk bu ñu dàbbali mooy wéet,
gental, ne wëyëŋ!
Fa la nag di fore,
fa lay goor, di lekk cari garab ya,
11 car ya wow, damm,
jigéen ñi dikk, xambe.
Dañu di xeet wu dul dégg,
ba tax ki leen sàkk yërëmu leen,
moo leen bind te ñeewantewu leen.

12 Bésub keroog Aji Sax ji bàcc,
dale ca dexu Efraat ba ca walum Misra,
te yeen bànni Israayil, dees na leen for
kenn-kenn, ba ngeen daj.
13 Bésub keroog bufta bu mag jib,
ña laŋoon réewum Asiri délsi,
ànd ak ña ñu tasaare woon biir réewum
Misra,
ba sujjóotalsi Aji Sax ji fa Yerusalem,
fa kaw tund wu sell wa.

## Xibaaru mbugal ñeel na ay xeet

# 28

*(Saar 28–33)*

*Mbugal ñeel na Samari*

1 Wóoy ngalla Efrayim*,
kaala ga ay màndikatam di sagoo!
Taaram bu yéeme baa koy réer,
ni tóor-tóor yu wow,
te ma nga toŋ ca coll† wa ña biiñ man
dëkke,
fa tiim xur wu nangu wa.
2 Dégluleen, jàmbaar ju am doolee ngi
dikkal Boroom bi,
di tawub doji yuur, ngëlén luy sànke,
riddee riddi, sotti waame wu wale!
Loxoom la koy rattaxe fi suuf.
3 Dees na joggati kaala
gii màndikati Efrayim di sagoo.

* **28.1** ***Efrayim*** mooy giir gu am solo ci fukki giir ya ca nguurug bëj-gànnaar ga ñuy wax Israayil. Lée-léeg muy tur wi ñuy woowe waa gox boobu. † **28.1** ***coll*** mooy fa Samari nekk, di péeyub nguurug bëj-gànnaar ga ñuy wax Israayil.

4 Te tóor mu lax mi muy gànjaroo,
mu tege ca coll ya tiim xur wu nangu wa,
day mel ni figg ju ñor te jotul;
ka ko gis a koy gaaw witt, wann.
5 Bésub keroog Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
di kaala gu yànj, gànjar gu yéeme,
ñeel ndesu ñoñam,
6 mooy dikkal xelum dëgg kuy toog di àtte,
di jàmbaaral ñiy waññi noon yi song dëkk
bi, xare.

7 Ñii itam ay naan biiñ bay tërëf,
màndiw ñoll, di jang:
sarxalkat akub yonent la aw ñoll di
tërëfloo,
biiñ jànnaxe leen,
ñu màndiw ñoll, di jang,
bu ñu amee am peeñu, di tërëf.
8 Seen taabal yépp a ngi taq ripp,
fépp di waccu ak mbalit.
9 Ñu naa: «Ana ku Esayi mii di jàngal?
Ana ku muy àgge xibaar?
Xanaa ku yàggula fer,
di doora bàyyi ween?
10 Ca rëdd wii, ca rëdd wee,
nàngam sii, nàngam see,
as tuut fii, as tuut fee.»
11 Xanaa boog nit ñu seen wax leerul,
ñuy làkk, la Aji Sax jiy waxeek askan wii?
12 Moo leen waxoon ne leen:
«Fii moo di noppalukaay bi,
noppalleen ku sonn.
Fii a di dalluwaay bi!»
Waaye nanguwuñoo dégg.
13 Moo tax kàddug Aji Sax ji di mujj doon ci
ñoom lu ñu manula nànd, ni:
«Ca rëdd wii, ca rëdd wee,
nàngam sii, nàngam see,
as tuut fii, as tuut fee.»
Moo tax ñuy tërëf,
daanoo njaaxaanaay ba damm,
di sërëx aka keppu.

## *Doju koñu tabax wee mat wéeruwaay*

14 Kon nag yeen kókkalikat yi yilif
askanu Yerusalem wii,
dégluleen kàddug Aji Sax ji!
15 Yeena naay: «Danoo wóllëranteek dee,
njaniiw lanu digool, ba du nu moom,
ba bu yaru musiba dikkeek diisaayam, du
nu laal.
Noo def ay fen sunu rawtu,
ay wor di sunu làquwaay.»
16 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji wax ne:
«Maa ngii di dëj fi Siyoŋ aw doju koñu
tabax,
muy doju koñu tànnéef wu gànjare ci
fondmaa bi,
te ku ko wéeroo doo gaawa daw.
17 Dëgg laay def nattukaay,
yoon di sama buumu betteex,
tawub doji yuur buub rawtub fen,
wal ma mëdd làquwaay,
18 seen wóllëranteek dee neen,
seen digook njaniiw toxu,
yaru musiba dikk ak diisaayam,
wulli leen ba ngeen nooy.
19 Saa yu dikkee ne leen céex,
suba su ne mu ne jaas,
guddeek bëccëg, mu teew,
te bu jibee sax fit rëcc.»

20 Lal a gàtt ba deesu ci tàlli,
malaan cëkk ba matul càngaay‡.
21 Aji Sax jeey jóg na woon
fa tundu Peracim,
xadaru na woon ca xuru Gabawon
ngir jëf jëfam,
jëfam ju yéeme ja!
Moo nara liggéey liggéeyam booba,
liggéey bu mu tàmmul!
22 Tee ngeena baña kókkalee
bala ñoo teeŋal seeni jéng?
Sànkute kat moo di dogal bi ma dégg,
mu bawoo fa Boroom bi, Aji Sax ji ci
gàngoor yi,
di luy dikkal réew mi mépp.

## *Aji Sax jee xam doxalin*

23 Teeyluleen te déglu sama kàddu,
teewluleen ba dégg samay wax. Xoolleen
ci lii:
24 ndax beykat bi day dëkke gàbb,
di rëdd aka gàbbaat?
25 Bu gàbbee ba toolam maase,
du day sànni jiwum nisel§,
wasaare jiwum kumin,
daldi def bele bi ay saawo,

‡ **28.20** ***lal*** beek ***malaan*** mi ñuy wax fii, mooy misaal Misra mi ñu yaakaaroon te du leen doy kiiraay. § **28.25** ***nisel*** ak ***kumin,*** ay xeeti safal la.

sànni lors ba fa mu ko rëddal,
doora suy bele bu dëgër ba ca wet ya?
26 Dees koo xamal yoon wa,
te Yàllaam a ko jàngal mbey.
27 Mbàccum nisel watiir amu ca yoon,
te deesul bàcc kumin itam, ba joggi ca tànki watiir.
Mbàccum nisel, yet a koy def;
mbàccum kumin, bant bu yem.
28 Gubi bele, dees na ca jaare watiir,
waaye deesu ci dëkk;
watiir ngay takkal fas, bàcce ko pepp,
waaye doo ko bàcc ba mu far mokk!
29 Xel moomu it fa Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi la bawoo.
Ndigalam a ni yéemee,
pexeem màgge ni!

# 29

*Mbugal ñeel na Aryel*

1 Wóoy ngalla Aryelee, Aryel*,
dëkk ba Daawuda dale.
Dundleen at ak at,
amalleen ci màggal ci kaw màggal.
2 Du tee ma wàcceel Aryel musiba,
ñuy yuuxooka jooyoo.
Yerusalem ay mel ci man
ni Aryel, taalub sarxalukaay.
3 Maay dal ab dal, wër la,
gawe la ay tata,
jali jal, fuuge la.
4 Dinga suufe ba mel ni kuy àddoo biir suuf,
sa baat di ndéey lu dégtoo xóote ya pëndub suuf lale,
mel ni njuuma lu waxam bawoo biir suuf,
baatam yeloo xóote ya pëndub suuf lale.

5 Say noon ay def gàngoor ni feppi suuf,
di naaxu nit ñu néeg, ñu ngelaw liy wal nib cox.
Loolooy jekki am, ca saa sa.
6 Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi moo lay dikke
dënook suuf su yëngu ak riir mu réy,
ngelaw riddi, di ngëlén,
ànd ak sawara wuy xoyome.
7 Mboolem xeet yu bare yiy xareek Aryel,
di song dëkk beeki tataam,
nar leena toroxal,
ñoom ñépp ay mel ni gént mbaa njeneeru guddi!
8 Su boobaa mu mel ni ku xiif,
géntul lu moy di lekk,
yewwu rekk, biir ba wéet;
mbaa ku mar, géntul lu moy di naan,
yewwu rekk, loof, put ga wow koŋŋ.
Noonu la gàngooru xeet yépp di nekke,
mboolem xeet yooyuy xaareji fa Siyoŋ!

9 Tendeefal, jommi rekk!
Gëmm, gumba rekk.
Ñiika màndi te biiñ taxul,
ñuy jang te ñoll taxul!
10 Aji Sax ji déy yeen la wal
ngelawal nelaw yu xóot,
taf seeni gët, te ngeen di yonent yi;
muur seeni bopp, te ngeen di boroom peeñu yi.
11 Peeñum xew-xew yii yépp ump na leen,
ni leen kàdduy téere bu ñu tay umpe.
Boo ko joxee ku jàng, ne ko mu jàng ko,
mu ne la manu ko, nde dees koo tay;
12 nga jox ko ku jàngul, ne ko mu jàng,
mu ne la manula jàng.

13 Boroom bi nee: «Askan wii, làmmiñ lañu ma jegee,
lori neen lañu may wormaale,
te seen xol sore ma.
Seen ragal ak man it,
njàngum tari kepp la.
14 Moo tax maa ngii di dellu wéyeek askan wii,
ay kéemtaan aki kiraama
yuy tiiñ boroom xel ak xelam,
réer xamkat ak xam-xamam.»

15 Wóoy ngalla ñiy làqu Aji Sax ji,
di nëbb seen mébét,
ba lëndëm muur seen jëf,
ñu naan: «Ana ku nu gis?
Ana ku nu yég?»
16 Yeenaka juunum xel!
Dees na jaawale tabaxkatu njaq beek ban bi?
Ndax li ñu sàkk dina ne ki ko sàkk:
«Kii sàkku ma»?
Am njaq leey waxtaane tabaxkat bi naa:

* **29.1** ***Aryel,*** tur la wu ñuy woowe Yerusalem. Man naa tekki itam taalub sarxalukaay ba woon ca kër Yàlla ga.

«Kii manula tabax»?

### *La woon day wonni*

17 Xamuleen ne fi leek lu néewa néew,
àllub Libaŋ soppalikub tóokër,
tóokër bi walbatiku meññ, ba ñu ne ab gott la?
18 Su bés baa ab tëx dégg kàdduy téere,
silmaxa tàggook lëndëm, di gis,
19 néew-doole yi dellu bége Aji Sax ji,
ñi gëna ñàkk di bànneexoo Aji Sell ju Israayil.
20 Ku néeg déy dina neen,
kuy ñaawle sànku,
te képp kuy yeeru nu mu defe lu bon, jóge fi.
21 Mooy ñiy tuumaal nit,
di fiir ab àttekat ca pénc ma,
di àtte ñàkkal nit ku jub ci dara.
22 Moo tax Aji Sax ji jotoon Ibraayma,
wax ak waa kër Yanqóoba, ne leen:
«Léegi Yanqóoba du rusati,
du amati yaraange.»
23 Bu am meññeefam gisee
li sama loxo def fi seen biir,
dinañu wormaal sama tur wu sell wi,
wormaal sama sellaay, man Aji Sell ju Yanqóoba.
Dinañu ma ragal, man Yàllay Israayil,
24 ba ñi réeroon, mujj xam;
ñurumtukat yi dégg ndigal.

# 30

### *Misra du mat Israayil cëslaay*

1 «Wóoy ngalla doom yii diy fippukat!»
Kàddug Aji Sax jee.
«Ñu ngi nas mébét yu ma diglewul,
di digoo digoo yu ma leen xelalul,
di tegle bàkkaar ci kaw bàkkaar.
2 Ñoo dox wuti Misra te laajuñu ma,
xanaa di sàkku rawtub Firawna,
di keppaaroo keppaarug Misra*.
3 Rawtub Firawnaay mujj di seen gàcce,
keppaarug Misra di seen toroxte.
4 Seeni jawriñ a nga xaat ba Cowan,
seeni ndaw àgg ba Anes†,
5 waaye ñoom ñépp kersa lañuy ame Misra googu leen dul amal njariñ.
Du ndimbal, du njariñ,
xanaa gàcceek toroxte.»

6 Yéeneb waxyu bii ñeel na malay àllub Negew:
Réewum tiis laak njàqare,
kërug gayndeeki segg,
ak saamaan ak céebi,
mbaam lañu sëf seen alal, jaare fa,
giléem lañu sëf seeni denc,
jëme xeet wu leen dul jariñ.
7 Ndimbalu Misra, cóolóolu neen!
Moo tax ma tudde ko:
Raxab, Ponkal mi ne yàcc.

8 Aji Sax ji nee:
«Ayca, bind ko ci àlluwa, ñu gis!
Rëdd ko cib téere,
ngir ëllëg ak sibir,
mu dib seede ba fàww.»
9 Wii xeet kat ay fippukat lañu,
yii doom a diy fen-kat
te nanguwuñoo sàmm yoonu Aji Sax ji!
10 Boroom gis, ñu ne ko: «Bul gis,»
boroom peeñu, ñu ne ko: «Bu ñu firil peeñuy dëgg.
Wax nu lu neex,
gisal nu ay nax.»
11 Moyal yoon wi;
lajj, wàcc xàll wi,
te may nu jàmm ak Aji Sell ju Israayil.
12 Moo tax Aji Sell ju Israayil wax ne:
«Gannaaw yeena xalab kàddu gii,
yaakaaruleen lu moy doole ak pexey njubadi
yu ngeen wéeroo,
13 googu ñaawtéef ay mujj doon
seen xar-xaru tata ju kawe,
funki, tata ja jekki jóoru.
14 Da naan tasar ni njaqal xandeer
lu ñu naan rajax te ñéebluweesu ko,
ba deesul gis ca tojit ya, dog bu tibb xal,
mbaa mu as ndoxum déeg.»

15 Ndax Boroom bi Aji Sax ji,
Aji Sell ju Israayil dafa wax ne:
«Délsi, dallu moo leen di musal.
Ne tekk te wóolu maa leen di dooleel.
Waaye yeena bëggul!
16 Yeena ne: "Déedéet, danuy war fas, daw!"

* 30.2 Misra lañu yaakaaroon mu aar leen ci Asiri. † 30.4 *Cowan* ak *Anes,* ci Misra lañu bokk.

Dingeen daw moos!
Ngeen ne: “Daamar yu gaaw lanuy war.”
Ñi leen di dàq it di war daamar yu gaaw!
17 Junneey daw fu leen kenn gëdde,
juróom gëdd, ngeen daw yeen ñépp,
ba ña des mel ni bantub raaya ci kaw tund,
ne cundum ni raaya bu wéet ca coll wa.»
18 Aji Sax ji déy a leen namma baaxe,
moo ko tax di jóg moos ngir yërëm leen,
nde Aji Sax jeey Yàllay njubte.
Ndokkalee képp ku ko yaakaar!

19 Yeen waa Siyoŋ, yeen waa Yerusalem,
dootuleen jooy mukk!
Bu ngeen jooyee, mu yërëm leen moos;
bu leen di dégg, di leen nangul.
20 Boroom bee leen di leel njàqare,
nàndal leen coono,
waaye moo leen di jàngal, dootu leen làqu;
dingeen gis ki leen di jàngal,
21 di dégg kàddu guy jibe seen gannaaw,
naa leen: «Yoon waa ngii, jaareleen fi;»
bu ngeen awee ndijoor, mbaa càmmoñ.
22 Su boobaa ngeen sobeel seen jëmmi tuur
yi ñu xoob xaalis;
ak wurus wu xoob seen tuur yi ñu móol,
ba boole lépp sànni ni sagar yu sobewu,
ne ko: «Sore nu!»
23 Su boobaa Aji Sax ji tawal lu ngeen ji,
may leen pepp mu suuf meññ,
sakkan te nangu,
seen juri keroog di fore parlu yu yaa.
24 Nag yeek mbaam yiy rijji sax,
di xontoo cox bu ñu xorom,
jóge ci mbàccum roq ak ngaska.
25 Te tundoo tund wu kawe,
wu mag ak wu ndaw,
wali ndox a cay wale,
keroog bés ba deret di tuuroo tuuru,
tata ya jóoru.
26 Weer day leer ni jant,
jant gënatee leer,
mel ni juróom ñaari bëccëg,
bésub keroog ba Aji Sax jiy takk
damm-dammu ñoñam,
fajal leen góom yi ay dóoram sabab.

### *Aji Sax ji song na Asiri*

27 Turu Aji Sax jaa ngii, jóge fu sore;
mer ma réy,
mu jógaale kàddug artu gu diis,
di waxe xadar ju mat sëkk,
baat ba mel ni sawara wuy xoyome,
28 noo ga di wal mu baawaan,
tollu ci put;
mu nara segge xeet yi ab seggukaayu
alkànde,
wewal xeet yi ag laab gu leen di réeral.
29 Teewul, bokk yi, seen woy yay jib;
mel ni guddig màggal,
ànd ak mbégte ni kuy toxoro,
yéeg jëm kaw tundu Aji Sax ji,
cëslaayal Israayil.
30 Aji Sax jeey yékkati kàddoom gu màgg,
wone diisaayu loxoom,
ànd ak tàngooru meram
ak sawara wuy xoyome
ak waameek ngëlén ak tawub doji yuur.
31 Kàddug Aji Sax jeey jib,
Asiri tiit bay lox,
yetu Aji Sax ja dal,
32 te saa yu yet wa Aji Sax ji féetale Asiri
dalee,
ngeen jibal am tëgg aki xalam.
Aji Sax jeey xàcc loxoom, xareek Asiri.
33 Xambees na démb ab taal bu ñuy wax
Tofet‡,
te buur ba lees ko waajalal;
dees koo xóotal, yaatal ko,
sawara way tàkk, matt ma ne gàññ,
noowal Aji Sax ji nar caa tàkke,
di sël-sëli ni walum tamarax.

## 31

### *Musiba ñeel na ku yaakaar Misra*

1 Wóoy ngalla ña wàcci Misra, di wuti wall,
di sukkandikoo ay fas,
tey yaakaari watiir ndax bare ga,
aki gawar ndax lim bu takku ba,
te xooluñu ci Aji Sell ju Israayil,
wutuñu kooku di Aji Sax ji.
2 Moona moom it xareñ na,
mane na safaan,
te du fommi digeem.
Kuy def lu bon, mu dal ci waa këram;
kuy def lu ñaaw, mu song ay wallam.
3 Waa Misra, niti neen, duñu Yàlla;
seeni fas it, suuxu neen, duñu leneen.
Aji Sax jeey xàcc loxoom,

‡ **30.33** ***Tofet*** mooy béreb ba ñu daan lakke ay gone yu ñu def sarax, ñeel tuur ma ñuy wax Moleg.

kiy walloo mooy tërëf,
ki ñuy wallu daanu,
ñoom ñépp bokk sànku.
4 Aji Sax ji déy da maa wax ne ma:
«Gaynde gu mag ak gu ndaw, bu jàppee bay xiiru,
boo ko wooloon gàngooru sàmm it,
duñu soowaloo ba xëbal ko,
duñu ŋalŋali ba mu dellu gannaaw.
Noonu la Aji Sax ji Boroom gàngoor yiy wàcce,
xaresi fi kaw tundu Siyoŋ, tund woowa.»
5 Ni picc di daayaarloo, aar am tàggam,
ni la Aji Sax ji Boroom gàngoor yiy yiire Yerusalem.
Mooy aar, di xettali,
mooy musal, di yiwi.
6 Éy bokki Israayil, fippu ngeen Aji Sax ji
ba sës, waaye walbatikuleen!
7 Bésub keroog ku ne sànni yàllantuy
xaalisam, ak yàllantuy wurusam yi mu
sàkke woon loxoy bàkkaaram.
8 «Asiri nag day daanu,
te saamaru nit du ko daaneel,
saamar bu doom aadama moomul a koy alag,
mu daw, won saamar gannaaw,
ay gone yu góoram dugg liggéeyu sañul-bañ.
9 Ñi ñu yaakaar dañuy tiit, ne wëqét,
seeni kilifa jàq, ba daw wacc raaya ba.»
Kàddug Aji Sax jee,
Boroom sawara wi ci Siyoŋ,
Boroom taal bi ci Yerusalem!

# 32

*Dëgg ay mujj*

1 Buur a ngii, dëgg lay nguuroo,
jawriñ ñi it, yoon lañuy yilifee;
2 ku ci nekk mel ni seelukaayu ngelaw,
di kiiraay ci ngëlén,
mel ni wali ndox ci suuf su ne sereŋ,
mbaa keppaaru doj wu mag ci àll bu mar.
3 Su boobaa gëti njàccaar yi dootuñu gëmm,
te noppi ñiy dégg dañuy teewlu,
4 ku yàkkamti di ràññee, ba mana xam,
làmmiñu ku dër gaawa wax lu leer.
5 Booba deesatul woowe ab dof «gor si»,
te njublaŋ dootul dégg «ku tedd ki».
6 Ab dof, waxi dof lay wax,
xel ma di nas ñaawtéef,
mu nar jëf ju teddadi.
Lu ñaaw lay wax, jëme ci Aji Sax ji,
di xiifal ku xiif,
di xañ ku mar lu mu naan.
7 Ab njublaŋ, ay pexeem musiba la.
Njekkar lay nas,
ba bu néew-ji-doole sàkkoo dëgg it,
mu fen ba lor ko.
8 Waaye gor si, ngor lay mébét,
te ngor lay wéye.

9 Yeen jigéen ñi dal xel,
taxawleen temm, déglu ma;
yeen janq ji féex,
teewluleen ma.
10 Yeen jigéen ñi dal xel,
fi leek at aki fan ngeen jàq;
witt mi du baax, ngóob du taxaw.
11 Jigéen ñi dal xel, ragalleen;
yeen ñi féex laa ne, tiitleen!
Futtikuleen, ba ne duŋŋ;
gembooy saaku, ñaawloo.
12 Fëggleen seen dënn,
jooy tooli bànneex ya,
jooyleen reseñ ju nangu ja,
13 ak sama suufas bokk ya ay dég aki dagg nangu.
Jooyleen kay kër ya ca mbégte ma,
ak dëkk bu xumb ba.
14 Kër gu rafet sax, dees koy wacc,
dëkk baak riiram, dees koy dëddu;
tund ak tóoju doon ay xunt ba fàww,
mbaamu àll ne ca finaax, jur ga di ca fore,
15 ba keroog Boroom bi ëf ci nun ag noowam,
màndiŋ mi soppalikub tóokër,
tóokër meññ, ba ñu ne ab gott la.
16 Su boobaa yoon dëkke màndiŋ mi,
dëgg tooge tóokër bi.
17 Su boobaa àtteb dëgg ay jur jàmm,
àtteb yoon di dalal tey aare ba fàww,
18 ba sama bokk yi dëkke sancub jàmm,
ci dëkkuwaay yu wóor,
ci dalluwaay yu dal xel,
19 doonte gott bi day daanu ci tawub doji yuur,
dëkk bi detteelu ba ne dett.
20 Waaye ndokkalee yeen ñi tala ji fépp fuy ndox
te saña afal nag ak mbaam.

# 33

*Ña daan sànke sànku nañu*

1 Wóoy ngalla yaw bóomkat bi kenn bóomul,
yaw workat bi kenn worul.
Boo noppee bóome, ñu bóom la,
te boo noppee wore, ñu wor la.
2 Éy Aji Sax ji, ngalla baaxe nu;
yaw lanu yaakaar!
Deel xëy di dooleel wii xeet,
wallu nu ci biir njàqare.
3 Sam riir jib, xeet yi fëx;
nga jóg, waaso yi fëlxoo.
4 Dees na sëxëtoo sa alal sëxëtoob soccet.
Dees na ko sam ni njéeréer di samee!
5 Aji Sax jee kawe,
moo dëkke fa kaw-a-kaw,
te mooy dajal fi Siyoŋ àtteb dëgg ak yoon.
6 Liy dalal seen jamono mooy
koomu ndam, xel ak xam-xam,
te ragal Aji Sax ji, loolooy seen alal.

7 Xoolleen seen jàmbaar
ñiy yuuxoo ci mbedd mi,
ndawi jàmm yaa ngii,
di jooyoo jooy yu metti.
8 Yoon yaa ngi wéet,
kenn jaareetul ci ñall wi!
Kóllëre fecciku na,
xeebees na ay seede,
te kenn faaleetul doom aadama.
9 Suuf a ngi maral, wow koŋŋ,
gottub Libaŋ am gàcce, lax,
àllub Saron doon joor gu wow,
garabi Basan ak Karmel yëngu, di ruus.
10 Aji Sax ji nee: «Xaaral rekk ma jóg,
xaaral rekk ma ne ñokket,
xaaral rekk ma teewal samag kawe.
11 Seeni mébét di am mboob,
bu sottee dim ngooñ;
seen noowug bopp mooy xamb sawara
wi leen di xoyom.
12 Xeet yeey sànku
ni doj yu lakk ba doon kew,
mbaa taxas yu ñu buub,
sànni ci sawara, mu tàkk.
13 Yeen ñi sore, dégluleen li ma def;
yeen ñi jege, xamleen ne maa am doole.»

14 Bàkkaarkati Siyoŋ tiit nañu,
way-gëmadi yaa ngay lox.
Ana kan ci nun moo mana dal ak
sawara wuy xoyome*?
Ana kan ci nun moo mana dal ak
taal yu yànj ya dul fey?
15 Xanaa kiy doxe njub,
di wax dëgg,
bañ alalu foqati;
loxo bay jalax ab ger,
noppam di tanqamlu waxi bóome,
bëtam di gëmm, ba du gis lu bon.
16 Ku ni mel, béreb bu kawe lay dëkke,
doj yu ñu dàbbali di rawtoom,
dundam doy,
te ndoxam du ñàkk.

*Yerusalem mucc na cib noon*

17 Yaw mi mel nii, buur bi ci taar bi ngay
teg bët;
yaay gis réew mi ne màww.
18 Sam xel dem ca sa tiitaange ja woon,
nga ne: «Moo, ana ka doon wañň?
Ana ka doon natt diisaayu galag?
Ana ka doon wañň ay tata?»
19 Su boobaa dootoo gis xeet wii di jaay
doole,
xeet wii diisu làkk ba déggeesu ko,
taqu làmmiñ ba xameesul lu ñuy wax.
20 Xoolal Siyoŋ, dëkk ba nuy màggale;
yaay teg bët Yerusalem, dëkkuwaay bu dal
ba,
xayma bu deesul sempi,
wewukaay ya deesu ko buddi mukk,
te luy buumu xayma ya it, deesu ko dog.
21 Foofa déy la nu Aji Sax ju màgg ji
di nekkal béreb bu defi dex aki wal,
fu gaalu joow dul dawe,
te gaal gu mag du fa jaare,
22 Aji Sax jee nuy jiite,
Aji Sax jee nuy dogalal yoon.
Aji Sax jeey sunu buur!
Moom moo nuy wallu.
23 Yeen nag seen réew mi gaal la,
gu goj ya yolom,
ponk ba ca digg ba di yëngu,
ba ndimol gaal gi firikuwul.
Dees na séddoo lël ju ne gàñň,
ba làggi ya sax séddu ca.
24 Du kenn ci waa Yerusalem,
ku neeti wopp na.
Waa dëkk bépp ay am njéggalu bàkkaar.

* **33.14** ***sawara:*** seetal ci *Esayi* 30.33.

# Gannaaw mbugal, mbégte

## 34

*(Saar 34–35)*

*Mbugal ñeel na Edom*

1 Yeen xeet yi, jegesileen te déglu;
yeen askan yi, teewluleen!
Na suuf ak li ci biiram déglu,
muy àddinaak lépp lu mu jur.
2 Merum Aji Sax ji ñeel na xeetoo xeet,
am sànj ñeel gàngoori xeet yi.
Aji Sax ji faagaagal leen,
dogal ñu war leena rendi.
3 Seeni néew lees di xalab,
ñu médd, xet ga gilli,
seen deret la tund yiy sangoo.
4 Gàngooru asamaan gépp ay tasaaroo,
asamaan taxañe ni lëmësub kayit,
gàngooram gépp ruus
ni xobu reseñ mbaa figg gu lax.

5 Aji Sax ji nee: «Saab saamar a reye fa asamaan
ba màndi deret,
te mu ngii di wàccal Edom,
xeet wi may faagaagal, ngir àttee leen ko.»
6 Aji Sax jee yor saamar bu màndi deret,
yafloo nebbon
ak deretu kuuy mu ndaw ak sikket
ak nebbonu dëmbéenu kuuy.
Aji Sax ji kat moo am ab sarax fa Boccara,
muy tër mu réy fa réewum Edom.
7 Nagi àll yaay ànd ak ñoom daanu,
ñook yëkk yu ndaw yaak yu mag ya,
seen réew mi màndi deret,
suuf sa niin batt ak nebbon.
8 Bésub feyu la, Aji Sax ji di ca feyoo;
mooy at mi Edom di yooloo la mu loroon Siyoŋ.
9 Wali Edom di ca soppaliku koltaar,
pëndub suufam doon tamarax,
suufam mel ni koltaar buy lakk,
10 guddeek bëccëg, du fey,
saxaar sa day gilli ba fàww,
réew ma gental giiru jamono,
te deesatu fa jaare mukk.
11 Céeleek suññeel a koy nangu,
looy ak baaxoñ dëkke fa.
Buumu betteex lees koy natte, maasale,
ba mu ne maraas, ne wëyëŋ.
12 Garmi ya dootuñu fa teewe,
ba di fa samp nguur,
te seen kàngam yépp ay wuute.
13 Seen kër buur ya la dég ya di lawe,
gajj aki taxas saxe tata ya,
till dëkke,
bànjóoli tàgge,
14 rabi màndiŋ mi di fa dajeeki bukki,
bëyu àll di fa woowe moroom ma.
Fa la rabu guddi di dalloo,
fàkkal fa boppam ab dal.
15 Fa la luy nen di tàgge, nen fa,
bóof, ba tostan, yiire keppaaram;
tan ya bokk fa daje,
ku ci nekk ak moroom ma.

16 Seet ko ci téereb Aji Sax ji, jàng ko;
du menn mala muy wuute ca gent ba,
lu ci nekk a fay ànd ak moroom ma.
Aji Sax jee ko santaane ci gémmiñam,
noowam moo leen di dajale.
17 Moom moo leen ko muurale,
sédd leen suuf sa ci loxoom,
ñu séddoo ko ba fàww,
màkkaanoo ko maasoo maas.

## 35

*Yoonu ñibbi Siyoŋ taxaw na*

1 Màndiŋ ak suuf su ne sereŋ dina bég,
joor gu wow bànneexu, tóor ba ne ràññ.
2 Day tóor a tóor,
di bànneexu, bay sarxolle,
ba jagoo darajay gottub Libaŋ
ak taaru àllub Karmel ak Saron.
Foofa lees di gise darajay Aji Sax ji,
sunu taaru Yàlla.
3 Ku yoqi, dooleelleen ko,
ku óom yay fenqe, jàppaleleen ko.
4 Ku fitam rëcc, ne leen ko:
«Dëgërlul te bul tiit.
Sa Yàllaa ngii di la feyul,
ba yool say noon.
Moom mooy dikk, wallusi la.»

5 Su boobaa gëti silmaxa muriku,
noppi tëx sikkliku.
6 Su boobaa ab làggi ne jàyy ni kéwél,
ab luu sarxolle.
Am ndox ay fettaxe màndiŋ ma,
ay wal wale joor gu wow,
7 suuf su wow doonub déeg,
joor gu maral ballal bëti ndox.
Fa till fàkkoon, di fa goore,

gattax ak barax a fay sëqe.
8 Foofa law yoon di jaare,
ñu di ko woowe Yoon wu sell wi.
Ku sobewu du fa jaare,
ñi moom woowu yoon,
ñooy ñi koy topp.
Ab dof sax du fa lajje.
9 Gaynde du fa am,
rab wu aay du fa dox,
du lenn lees fay gis,
ku ñu jot rekk a fay jaare.
10 Ñi Aji Sax ji goreel, nii lañuy dellusee,
agsaaley sarxolle fa Siyoŋ,
kaalawoo mbég mu sax,
mbégteek bànneex wàllsi,
naqar aku tiis daw.

## Lu jëm ci Buur Esekiyas

# 36

*(Saar 36—39)*

*Asiri song na Yuda*

1 Gannaaw gi, ca fukk ak ñeenteelu atu
nguurug Esekiyas buurub Yuda, ca la
Senaxerib buurub Asiri dikk song
mboolem dëkki Yuda ya tata wër, daldi
leen nangu.
2 Buurub Asiri moo yebale fa dëkk ba
ñuy wax Lakis, bëkk-néegam Rabsake, mu
ànd ak gàngooru xare gu takku, ba ca Buur
Esekiyas ca Yerusalem. Ba Rabsake agsee
ba tollook solomu mbàndum kaw ma,
feggook yoon wa jëm ca toolub fóotukaay
ba, fa la taxaw.
3 Ba loolu amee bootalub buur Elyakim
doomu Ilkiya moo ànd ak Sebna, bindkat
ba, ak doomu Asaf, Yowax ma yor téere ya,
ñu dikk dajeek moom.
4 Ba mu ko defee Rabsake bëkk-néegu
buurub Asiri ne leen: «Waxleen nag
Esekiyas, ne ko: “Buur bu mag ba, buurub
Asiri dafa wax ne: Sa yaakaar jii nga
yaakaar, ana foo ko teg?
5 Noon naa làmmiñ kese doy na pexeek
njàmbaar cib xare? Ma ne: Ana kan nga
yaakaar bay fippu ci sama kaw?
6 Misra daal, nga yaakaar, bantu barax
bu tas boobu di sokk képp ku ko wéeroo!
Firawna buuru Misra de, mooy boobu
bant ci képp ku ko yaakaar.
7 Xanaa doo ma ne seen Yàlla Aji Sax ji
ngeen yaakaar? Xanaa du Esekiyas moo
dindi bérebi jaamookaay yeek
sarxalukaayi Aji Sax ji, ba noppi ne waa
Yuda ak Yerusalem sarxalukaay boobu
lañuy sujjóotal?”
8 Léegi daal, déggool rekk ak sama sang
buurub Asiri, ma jox la ñaari junniy fas,
ndegam am ngay gawaram!
9 Ana noo mana tëwe ki gëna tuut ci
sama jawriñi sang? May wax ngay
yaakaare Misra ay watiir aki fas.
10 Te sax, xanaa du Aji Sax ji laa àndal ba
dalsi fi kaw réew mii, ngir tas ko? Aji Sax ji
ci boppam moo ma ne: “Songal réew mii,
tas ko!”»
11 Ba loolu amee Elyakim ak Sebna ak
Yowax ñaan Rabsake, ne ko: «Ngalla, làkk
nu arameen, dégg nanu ko. Bu nu wax
ebrë, mbooloo mi ci kaw tata ji di ci dégg.»
12 Bëkk-néeg ba ne leen: «Ndax yeen ak
seen sang doŋŋ la ma sama sang yóbbante
kàddu yii? Ñi toog ci kaw tata ji dañu cee
bokkul am? Te ñu nara ànd ak yeen lekk
seen jonkani bopp, naan seenum saw!»
13 Bëkk-néeg ba nag taxaw, xaacu ca kaw
ci ebrë ne: «Dégluleen kàdduy buur bu mag
bi, buurub Asiri.
14 Buur dafa wax ne: “Bu leen Esekiyas
nax, ndax manu leena xettali.
15 Te bu leen Esekiyas yaakaarloo Aji
Sax ji, naan leen: ‘Aji Sax ji moo nuy
xettali moos, te deesul teg dëkk bii ci loxol
buurub Asiri!’
16 Buleen déglu Esekiyas. Buurub Asiri
kat dafa wax ne: Jàmmooleen ak man te
ngeen génn dëkk bi, dikk nangul ma. Su
ngeen ko defee, ku nekk ci yeen mana
lekk ak jàmm ci garabu reseñam, lekk ak
jàmm ci figgam, di naan ndoxum teenam,
17 ba keroog may dikk, yóbbu leen réew
mu mel ni seen réew mi, réewum pepp ak
ndoxum reseñ, réewum mburu ak tooli
reseñ.
18 Bu leen Esekiyas sànk, naan leen: ‘Aji
Sax ji moo nuy xettali.’ Ndax tuuri xeet yi
mas nañoo xettali réewu wenn xeet ci
buurub Asiri?
19 Ana tuuri réew yii di Amat ak Arpàdd?
Ana tuuri Sefarwayim? Ndax dañoo
xettali Samari ci man?

20 Tuuri réew yii yépp, ana mu ci xettali
menn réew ci man, ba Aji Sax ji wara
mana xettali, Yerusalem ci man?”»
21 Ñooña ne cell, tontuwuñu ko baat,
ndax Buur moo leen santoon ne leen buñu
ko tontu.
22 Ba loolu amee bootalub Buur,
Elyakim doomu Ilkiya, ak Sebna, bindkat
ba, ak doomu Asaf, Yowax ma denc téere
ya, ñoo dem ak seen yérey ñaawlu yu
xottiku, ba ca Esekiyas. Ñu daldi koy àgge
kàddug bëkk-néeg ba.

# 37

1 Naka la ko Buur Esekiyas dégg, daldi
xotti ay yéreem, sol saaku yu muy ñaawloo.
Mu dem nag ca kër Aji Sax ji.
2 Ba loolu amee mu yebal Elyakim
bootalub Buur ak Sebna bindkat ba, ak
ñay mag ca sarxalkat ya. Ñu sol saaku yu
ñuy ñaawloo, daldi dem ca Yonent Yàlla
Esayi doomu Amocc.
3 Ñu ne ko: «Esekiyas dafa wax ne: “Bésub
tey bésub njàqare la ak mbugal ak gàcce.
Mooy li ñuy wax naa: Doom a ngi ci
buntub juddu, te dooley wasin réer!
4 Jombul nag sa Yàlla Aji Sax ji dégg
kàdduy bëkk-néeg bi sangam buurub Asiri
yebal, ngir mu kókkali Yàlla jiy dund. Te
kon sa Yàlla Aji Sax ji mooy dogal mbugal
mi war ci kàddu yooyu mu dégg. Yékkatil
kàddug ñaan rekk, ngir ñi fi desagum.”»
5 Ba surgay Buur Esekiyas àggee Esayi
wax jooju leen seen sang wax,
6 Esayi da ne leen: «Waxleen seen sang ne
ko: “Aji Sax ji dafa wax ne: Bul ragal kàddu
yi nga dégg surgay buurub Asiri ñàkke ma
ko kersa.
7 Maa ngii di ko sol xel mu ko gëmloo
xibaar bu muy dégg, ba dellu réewam, ma
faate ko ab saamar ca am réewam.”»

## *Asiri tooñati na Yuda*

8 Gannaaw loolu Rabsake dégg ne
buurub Asiri bàyyikoo na Lakis, bay
xareek dëkk ba ñuy wax Libna. Mu
walbatiku fekki ko foofa.
9 Booba buurub Asiri daa dégg ne Tiraka
buurub Kuus moo leen di songsi. Ba mu
ca déggee daa yebal ay ndaw ca Esekiyas,
ne leen:
10 «Waxleen Esekiyas buurub Yuda ne ko:
“Seen Yàlla ji ngeen yaakaar, bumu leen
nax, naa leen deesul teg Yerusalem ci
loxol buurub Asiri.
11 Xanaa yaw ci sa bopp dégg nga li
buuri Asiri def mboolem réew yi,
faagaagal leen? Yaw nag, ndax yaa ciy
mucc?
12 Xeet yi samay maam sànk, ndax seeni
yàlla dañu leena musal, muy Gosan, di
Karan, di Reccef, di askanu Eden wa woon
ca Telasar?
13 Ana buuri Amat ak Arpàdd ak Layir
ak Sefarwayim ak Ena ak Iwa?”»
14 Ba Esekiyas jëlee bataaxal ba ca loxol
ndaw ya, jàng ko ba noppi, dafa dem ba ca
kër Aji Sax ji. Mu daldi tàllal bataaxal ba fa
kanam Aji Sax ji.
15 Esekiyas ñaan Aji Sax ji, ne ko:
16 «Éy Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi,
Yàllay Israayil mi toog ci jal bi, fi tiim
malaakay serub yi. Yaw doŋŋ yaa di Yàllay
mboolem nguuri àddina. Yaw déy, yaa sàkk
asamaan ak suuf.
17 Ngalla Aji Sax ji, dékkal sa nopp ba
dégg! Aji Sax ji, xippil say gët ba gis, te
dégg mboolem kàdduy Senaxerib yi mu
yóbbante, ngir ñàkke la ko kersa, yaw, Yàlla
jiy dund!
18 Aylayéwén Aji Sax ji, buuri Asiree tas
mboolem xeet yeek seeni réew,
19 te ñoo sànni seeni yàlla ci sawara it,
ndax yooyoo dul Yàlla, xanaa lu nit sàkke
loxoom, bant ak doj, ba tax ñu sànk leen.
20 Kon nag Aji Sax ji sunu Yàlla, wallu
nook moom, ba mboolem nguuri àddina
xam ne yaw doŋŋ yaa di Aji Sax ji.»

## *Yonent Yàlla Esayi yégle na jéllub Asiri*

21 Ba mu ko defee Esayi doomu Amocc
yónnee ca Esekiyas ne ko: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil, mi nga ñaan ci mbirum Senaxerib
buurub Asiri, dafa wax ne:
22 Lii moo di kàddu gi Aji Sax ji wax ci
moom:
Yaw, janq Siyoŋ mu taaru da laa xeeb,
di la ñaawal.
Yerusalem, dëkk bu taaru booboo
lay wëcc bopp,
di la kekku sa gannaaw.
23 Ana kooy kókkaleeka ñàkke kersa?
Moo kooy yékkatil kàddu?

Kooy xool gëti xeebeel?
Xanaa du Aji Sell ju Israayil ji?
24 Yaa yebal say surga,
di kókkali Boroom bi, te naa:
“Sama watiir yi ne xas
laa ware kawtey tund yi,
jàll ba ca xolu Libaŋ.
Maa gor seedaram ya fa sut
ak tànnéefi garabi sipparam:
maay àkki ba ca collub kaw bu tundu
Libaŋ,
ak gottam bu naat ba nib tóokër.
25 Maa gas ay teen, naan,
maa joggatee sama ndëgguy tànk wali
Misra yépp,
ŋiisal ko.”
26 Waaye xanaa déggoo ne bu yàgg laa
dogal loolu?
Ca jant ya woon laa ko nasoon,
tey, ma sottal ko,
ba dëkk yu ñu wërmbaley tata,
nga def leen genti jali tojit.
27 Waa dëkk ya ne yàcc, jàq, torox,
mel ni gàncaxu àll mbaa ñax mu yees,
mbete caxum xadd
mbaa tool bu car jógagul.
28 Waaye boo toogee, boo génnee,
boo duggee, xam naa,
boo xadaroo sama kaw it, xam naa.
29 Yaa xadaru sama kaw,
ba sag reewande tàbbi ci sama nopp!
Maa lay takkal ag nos akug laab,
waññi la, nga dellu yoon wa nga dikke
woon.
30 «Lii, def ko ci, mu dib takk.
Dees na lekk ren peppum saxyaay,
déwén it dees na lekk lu saxal boppam.
Waaye déwén-jéeg,
ngeen ji, góob,
jëmbat tóokëri reseñ, lekk ca meññeef ma.
31 Ña des ca askanu Yuda
ñooy saxaat ay reen,
ba meññaat ay doom.
32 Yerusalem kay la aw ndes di génne,
aw ndes ay rëcce tundu Siyoŋ,
te Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
mooy sottal loolu ci xéraangeem.
33 «Moo tax Aji Sax ji wax ci buurub Asiri
ne:
“Du dugg ci dëkk bii,
du fi soqig fitt,
du fi taxawe ab pakk,
du fi jal jal bu muy gawe!
34 Yoon wa mu dikke lay delloo,
biib dëkk, du fi dugg.”
Kàddug Aji Sax jee!
35 Maay aar dëkk bii, musal ko
ngir man ci sama bopp
ak Daawuda sama jaam bi.»
36 Guddig keroog malaakam Aji Sax ji
dikk, faat ca dalub Asiri téeméer ak juróom
ñett fukk ak juróomi junni (185 000). Ca
ëllëg sa ña mucc teela xëy, yemuñu ci lu
moy ñooña ñépp diy néew.
37 Ba mu ko defee Senaxerib buurub
Asiri daldi fabu, ñibbi. Mu toog nag ca péey
ba, di Niniw.
38 Gannaaw gi, ba muy sujjóot ca kër
yàllaam ma ñuy wax Nisrog, Addraameleg
ak Sarecer, doomam yu góor ñoo ko fa
bóome saamar. Ñoom nag ñu daw làquji
réew ma ñuy wax Araraat. Ci kaw loolu
doomam Asaradon falu buur, wuutu ko.

# 38

### *Esekiyas wopp na ba jóg*

1 Jant yooyu la Esekiyas woppoon, bay
waaja dee. Yonent Yàlla Esayi doomu
Amocc dikk, ne ko: «Aji Sax ji dafa wax ne:
Dénkaaneel sa mbiri kër, ndax dangay dee,
doo jóg!»
2 Esekiyas walbatiku nag, jublook miir
ba, ñaan ci Aji Sax ji.
3 Mu ne: «Éy Aji Sax ji, ngalla bàyyil xel
ni ma àndeek yaw sama léppi xol, ci kóllëre.
Te it li nga rafetlu laa jëfe.» Mu jooy nag,
jooy yu metti.
4 Ci kaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Esayi, ne ko:
5 «Doxal ba ca Esekiyas, nga ne ko: “Aji
Sax ji sa Yàllay maam Daawuda dafa wax
ne: Dégg naa sag ñaan, gis naa say
rongooñ. Maa ngii di yokk ci saw fan
fukki at ak juróom.
6 Buurub Asiri ak dooleem, maa la ciy
xettali, yaw ak dëkk bii, te maay aar dëkk
bii.”
7 «Lii nag ngay def ab takk bu bawoo ci
Aji Sax ji, di firndeel ne Aji Sax ji dina def
li mu wax:

[8] “Maa ngii di delloo ker gi gannaaw lu
tollook fukki dëggastal ya jant bi wàccoon
ca kaw iskaleb Axas.”» Ci kaw loolu jant bi
dellu gannaaw lu tollook fukki dëggastal
ya mu jotoona wàcc.
[9] Mbind mii nag Esekiyas buurub Yuda
moo ko bindoon, gannaaw ba mu tëddee
wopp, ba jóg:
[10] Man de dama noon:
«Sama digg doole laay deme
jaare bunti njaniiw,
sama ndesu fan réer ma!»
[11] Ma noon: «Dootuma gisati Aji Sax ji*,
duma gisati Aji Sax ji fi kërug àddina.
Duma tegati doom aadama bët,
dootul fii ci waa àddina.
[12] Sama dëkkuwaay lañu sempi,
yóbbu fu sore,
mbete xaymab sàmm.
Sama àpp a taxañe,
ni ndimo lu ràbbkat ba doge ca mbaamu
ràbb ma.
Diggante bëccëg ak guddi, nga jekkali ma.
[13] May xalaat, ba bët set;
Aji Sax jiy dammat samay yax ni gaynde,
diggante bëccëg ak guddi, nga jekkali ma.
[14] May ciib-ciibi ni wetwet mbaa ramatu,
di binni nim xati,
di séentu kaw ba saay gët giim.
Dama noon: Éy Boroom bi, loof naa,
dimbali ma.»
[15] Waaye lu may waxati?
Aji Sax jee ma wax,
te moo jëf.
Kon, ma temp ndànk sama giiru dund
ndax tiisu xol.
[16] Boroom bi, ci sa kàddook sa jëf la nit di
dunde
te ci laay noyyee ba tey.
Yaa ma wéral, may ma, ma dund.
[17] Ndeke sama tiisu xol wii,
sama jàmm rekk a tax.
Sa cofeel a tax
nga sorele maak paxum sànkute.
Yaa sànni sa gannaaw sama bépp bàkkaar.
[18] Njaniiw du la sant,
dee du la gërëm,
te ku tàbbim pax yaakaaratul sa kóllëre.
[19] Kiy dund, kiy dund doŋŋ mooy ki lay
sant
ni man bésub tey jii,
te baay mooy xamal doom sa kóllëre.
[20] Aji Sax ji yaa may wallu,
nu di la woy, ànd aki xalam
sunu giiru dund,
fa sa biir kër, yaw Aji Sax ji.
[21] Fekk na Esayi noon: «Indileen ab
danku figg, ngeen jonj ko ci taabu
Esekiyas bi, kon dina dund,»
[22] ba Esekiyas noon ko: «Ana lu di takk
biy firndeel ne dinaa wér, ba dellooti kër
Aji Sax ji?»

# 39

[1] Jant yooyu Merodag Baladan buuru
Babilon miy doomu Baladan moo yónneey
bataaxal ak yóbbal ca Esekiyas. Fekk na
mu déggoon ne Esekiyas daa woppoon bay
doora am tan.
[2] Esekiyas am ca mbégte, daldi won
ndaw ya kërug dencukaayam: xaalis baak
wurus waak ndàbb jaak diwu tànnéef gaak
mboolem néegub gànnaayam ya ak
mboolem lu nekkoon cay dencam. Amul
lenn lu leen Esekiyas wonul ci biir këram
ak mboolem fu bokk ci kilifteefam.
[3] Gannaaw loolu Yonent Yàlla Esayi dikk
ne Buur Esekiyas: «Lu la nit ñii wax ak fu
ñu jóge sax ba fi yaw?» Esekiyas ne: «Réew
mu sore lañu bàyyikoo, dikk ba fi man,
réewum Babilon.»
[4] Mu ne ko: «Ana lu ñu gis sa biir kër?»
Esekiyas ne ko: «Mboolem lu nekk sama
biir kër, gis nañu ko. Amul lenn lu ma leen
wonul ci samay denc.»
[5] Esayi ne Esekiyas: «Déglul kàddug Aji
Sax ji Boroom gàngoor yi:
[6] Ay jant a ngii di ñëw, dees na yóbbu
Babilon lépp lu nekk sa biir kër, te say
maam dencoon ko, ba tey jii. Du lenn luy
des.» Kàddug Aji Sax jee.
[7] «Te it ñenn ci sag njaboot, ñu soqikoo ci
yaw, di ñoo meññ ci sa geño, dinañu leen
jàpp, ñu doon jaam yu ñu tàpp ca biir kër
buuru Babilon.»
[8] Esekiyas ne Esayi: «Kàddug Aji Sax ji
nga jottali, jàmm la.» Booba ma nga naan:
«Ndegam jàmm ju ne ñoyy ay am sama giiru
dund kay!»

* **38.11** ***gis Aji Sax ji*** mooy dem biir kër Aji Sax ji. Seetal ci aaya 22 (38.22) ak ci *Taalifi cant* 27.4.

# Aji Sax jeey dàmp xol yi

# 40

*(Saar 40–66)*

*Xibaaru jàmm ñeel na Israayil*

1 Dëfalleen a dëfal sama ñoñ,
la seen Yàlla wax!
2 Waxleen lu dalal xelu Yerusalem,
yéeneleen
ne leen seen xare jeex na,
seen mbugal mat na.
Ñoo nangoo ci loxol Aji Sax ji
lu fey ñaari yoon seen bépp bàkkaar.

3 Baat a ngi jib, naan:
«Nangeen xàll yoonu Aji Sax ji ci
màndiŋ mi,
fàkkalleen sunu Yàlla
xàll wu jub fi joor gi.
4 Wépp xur lees di kaweel,
tund wu mag ak wu ndaw lees di suufeel;
ba fu tunde mujj dig joor,
fu ñagasoon maase,
5 darajay Aji Sax ji daldi feeñ,
àddina sépp bokk gis ko.
Aji Sax jee ko wax ci làmmiñam.»

6 Baat a ngi naa: «Yéeneel!»
Ma ne: «Lu may yéene?»
Mu ne: «Neel:
Nit am ñax doŋŋ la;
gépp ngoram mel ni tóor-tóoru àll.
7 Ñax ma wow,
tóor-tóor ma lax
fa ko Aji Sax ji yónnee mbóoyo.
Askan wi kay, am ñax doŋŋ la.
8 Am ñax day wow;
tóor-tóor day lax.
Waaye sunu kàddug Yàlla
mooy sax ba fàww.»

9 Yaw Siyoŋ, xibaarkatu jàmm bi,
doxal yéegi tund wu kawe,
te xaacook doole.
Yaw Yerusalem, xibaarkatu jàmm bi,
xaacul te bul ragal!
Neel dëkki Yuda yi:
«Seen Yàllaa ngii!
10 Boroom bi, Aji Sax jaa ngii,
dikkaale doole
ak kàttanu kilifteefam.
Mu ngii ànd ak ñi mu yooloo,
ñu dig peyam, dox jiitu ko.
11 Mooy sàmm géttam bii ni kuy sàmmug
juram,
boole mbote yi cib loxoom,
taf cib dënnam, yóbbu;
xar yiy nàmpal, mu wommat.»

12 Ana ku natte géej biir loxoom?
Ku xaymaa asamaan yaatuwaayu loxo?
Ku mana fab suuf sépp, sol cib nattukaay?
Ana ku natte ab màndaxekaay tund wu
mag?
Mbaa mu tam-tamal tund wu ndaw?
13 Ana ku mana nànd xelum Aji Sax ji?
Mbaa nga dib xejjam, ba di ko digal?
14 Ana ku mu diisool, ba kooka tegtal ko,
jàngal ko yoonu njub,
jàngal ko xam-xam,
xamal ko yoonu dég-dég?

15 Xeet yaa ngii, mel ni aw toq ci biir
bagaan,
jàppeesu leen lu moy diisaayu feppu suuf!
Dun yi lay yékkati ni pëndub suuf!
16 Gottub Libaŋ xambul taalu
sarxalukaayam,
te mala ya ca ne doyu ko saraxu
rendi-dóomal!
17 Xeetoo xeet du tus fi kanamam,
te jàppewu leen lu moy neenug neen.
18 Ana kan ngeen di niruleek Yàlla,
ak nataal bu ngeen koy dendaleel?
19 Xanaa du jëmmu tuur ju liggéeykat móol,
ab tëgg xoobe ko wurus,
takk ca caqi xaalis?
20 Ku néewle ba amul may gu ni tollu,
mooy tànn bant bu dul nëb,
seeti liggéeykat bu xareñ
bu ko ci sàkkal jëmmu tuur ju dëgër!

21 Xanaa dangeena xamul lii?
Am dangeena déggul lii?
Dees leena waxul ca njàlbéen,
am seen xel a jàppul nan la àddina sosoo?
22 Moom moo tooge ca kaw wërngalu suuf,
ñi ko dëkke mel niy soccet,
moo tàllal asamaan ni ndimo,
firi ko nib xayma, daldi dëkke.
23 Mooy sànk kilifa,
di neenal njiitu àddina.
24 Ba ñu sampoogul,

toogaguñu sax,
ba seeni reen di riigu,
ca la leen Aji Sax jiy wal, ñu wow,
ngëlén buub, yóbbu ni boob.
25 Aji Sell ji ne:
«Ana ku ngeen may nirooleel,
ba may moroomam?»
26 Séentuleen kaw, xoolleen Ki sàkk biddiiw yii!
Xanaa kiy daaguloo leeri asamaan ni gàngoor gu mat,
ñoom ñépp lay woo ci seen tur,
ci kawewaayu dooleem ak màggaayu kàttanam,
te kenn du ci wuute.
27 Yeen askanu Yanqóoba, lu ngeen di jàmbat?
Yeen Israayil laa ne, lu ngeen di jooy,
naa: «Aji Sax ji gisul li nu dal,
sunu Yàlla daal, daa réere sunu àq!»
28 Dangeena xamul,
am dangeena déggul
ne Aji Sax jeey Yàlla ba fàww,
sàkk suuf cat ba cat,
du sonn, du tàyyi,
te am xelam nattuwul?
29 Mooy dooleel ku loof,
di kàttanal ku jeele.
30 Waxambaane sonn, loof;
xalelu góor di tërëf a tërëf,
31 kiy yaakaar Aji Sax ji moom, di yeeslu doole;
da naa fëyy ni jaxaay juy naaw,
di xélu te du xiix,
di dox te du xoox.

# 41

## *Aji Sax jee yor jamono*

1 Yeen waa dun yi, xeremluleen, déglu ma;
yeen askan yi, takkuwaatleen,
jegesi te wax,
nu bokk teew, layoo.
2 Ana ku ñu yékkatee penku,
woo ko ci tànki àtteb dëgg?
Ana ku ko jébbal xeet yi,
nangulal ko buur yi,
saamaram noote ba ñuy pënd,
fittam jamat, tasaare ni boob?
3 Moo leen di dàq, ba jàll te jàmm a koy dal,
ay tànkam sax du laal suuf.
4 Ana ku def lii, dogal ko?
Xanaa ki dale fa njàlbéen di woo maas yi!
Man Aji Sax ji maa njëkk,
te man la ak ñi mujj ba tey!
5 Waa dun yee ko gis, tiit,
waa cati àddina di lox,
dox ba agsi;
6 ku nekk di jàppale moroom ma,
naa mbokk ma: «Góor-góorlul!»
7 Tëggu weñ ba di ñaax tëggu gànjar ba,
boroom wàkku soññ boroom dékk,
ñu naa: «Taqaleb weñ yi baax na!»
tey daaj jëmmi xërëm ja
ay pont yu koy dëgëral.

## *Aji Sax jeey musal Israayil ciy noonam*

8 Waaye yaw Israayil, sama jaam bi;
yaw Yanqóoba mi ma tànn,
yaw askanu Ibraayma, samab xarit!
9 Yaw mi ma jukkee fa cati àddina,
woowe la fa gëna sore,
wax la ne la: «Yaa di sama jaam,
maa la tànn te duma la wacc,
10 bul ragal, yaw laa àndal,
bul tiit, maay sa Yàlla;
maa lay dooleel, dimbali la déy,
maa lay téyee sama loxol ndijoor liy àtte dëgg.

11 «Ma ne, képp ku la mere,
dees koy rusloo, toroxal ko.
Kuy joteek yaw day neen, sànku.
12 Dinga ko seet, doo ko gis,
kuy jànkoonteek yaw, du mujje doon tus,
te kuy xareek yaw it day mujj neen.
13 Man Aji Sax ji maay sa Yàlla;
téye sa loxol ndijoor,
di la wax ne la: Bul tiit,
maa lay dimbali.
14 Yaw Yanqóoba mi néew doole niw sax,
yeen góori Israayil,
man, maa leen di dimbali.»
Kàddug Aji Sax jee,
sab jotkat, Aji Sell ju Israayil.
15 «Maa ngii di la def
ngay watiiru bàccukaay bu ñaw, yees peq;
ànd aki bëñam,
ngay wol tund wu mag, raatale;
dëbb tund wu ndaw ba mu mel nib cox.
16 Yaa leen di bàcc, ngelaw wal,
ngëlén tasaare;
yaw ngay bége Aji Sax ji,

di damoo Aji Sell ju Israayil.

17 «Walaakaanaak néew-doolee ngi wër,
di wutum ndox, amul.
Seen put wow koŋŋ ak mar.
Man Aji Sax ji, maa leen di nangul;
man Yàllay Israayil, duma leen wacc.
18 Maay walaley dex kaw coll ya ne duŋŋ,
bënn bëti ndox digg xur ya,
def màndiŋ ma ab déeg,
suuf su ne sereŋ laay ballalem ndox.
19 Maay def garabi seedar aki séng ca
màndiŋ ma,
saxal garabi mirt ak oliw ca joor ga,
sippar ak garabu pẽe ak yeneen garab yu
dëkke naat,
ma boole ca,
20 ndax nit ñi gis, ba xàmmee,
ñoom ñépp nemmiku, ba xam ne
Aji Sax jee def lii ci loxoom,
xam ne Aji Sell ju Israayil a sàkk lii.

*Aji Sax ji tiiñal na tuuri yéefar yi*

21 «Waxleen seenu lay,» la Aji Sax ji wax,
«biralleen seeni firnde,» la buuru Yanqóoba
boobu wax.
22 «Woneleen ko te wax nu liy ñëw.
Xamalleen nu la woon, lu mu;
nu ba ci xel, ba xam lu muy jur,
te ngeen dégtal nu la dikkagul.
23 Biralalleen nu mbiri ëllëg,
nu xam ne ay yàlla ngeen.
Defleen rekk lenn, muy lu baax di lu bon,
ndax nu bokk ko gis, ba yéemu.
24 Ma ne, yeen daal, dungeen tus;
seen liggéey du dara,
te ku leen tànn di ku seexluwu!

25 «Maa yékkatee nit bëj-gànnaar,
mu bawoo penkub jant,
di tudd sama tur.
Mooy noote boroom dëkk ni ban
mbaa binit bu defarkatu njaq di dëggaate.
26 Ana ku yéene woon lii ca njàlbéen,
ba nu xam ko?
Ku ko yégle woon bu yàgg,
ba nu man koo dëggal?
Yéeneesu ko, yégleesu ko
te déggeesul seeni kàddu.
27 Waaye maa njëkka yégal Siyoŋ
ne leen: "Xoolleen, ñu ngii!"
Maa indil Yerusalem ndaw lu indi xibaaru
jàmm.
28 Xool naa xool ci tuur yi, gisuma kenn;
du kenn ci ñoom ku ciy xelale,
ba ma laaj ko, mu mana tontu.
29 Ñoom ñépp a ngoogu, tekkiwuñu tus.
Seen liggéey, caaxaani neen,
seen jëmmi tuur du dara, cóolóolu kese.»

# 42

*Aji Sax ji yebal na jaamam*

1 Aji Sax ji nee: «Xoolleen sama jaam bii ma
yor,
sama tànnéef, sama soppey xol,
ci moom laa sol sama xel,
te mooy indil xeet yi yoonu àtte.
2 Du xaacu, du biral;
du jibal baatam ci mbedd mi.
3 Barax bu lemu sax, du ko damm,
leer gu giim it, du ko fey.
Mooy indi yoonu dëgg.
4 Du toqi, du nasax,
ba keroog muy dëj àtteb yoon fi kaw suuf,
ba waa dun ya di séentu ndigalu yoonam.»

5 Yàlla Aji Sax ji dafa wax,
moom mi sàkk asamaan, firi ko;
tàllal suuf ak lu mu jur,
may noowal bakkan ñi ci kawam,
ba ña cay daagoo di noyyi.
6 Mu ne: «Man Aji Sax ji, maa la woo
ngir nga doxal yoon;
jàpp la ci loxo,
sàmm la, def la ngay kóllëre
sama diggante ak nit ñi;
def la ngay leeru xeet yi,
7 ngay gisloo gumba,
di génne ku ñu tëj,
ku dëkke woon lëndëm, génn kaso.

8 «Man, Aji Sax jeey sama tur;
sama màggaay, duma ko joxe,
te sama bàkk, duma ko wacce jëmmi tuur.
9 Mbir ya jiitoo ngoog, mat na;
yu yees laa leen di yégal,
balaa teew, ma yegge leen ko.»

*Woyleen Aji Sax ji*

10 Woyleen Aji Sax ji woy wu yees,
yeen waa cati àddina, kañleen ko,
ànd ak ñiy wàcci géej ak li ci biiram,

ak duni géej ak ña ca dëkke.
11 Na waa àll beeki dëkkam xaacoondoo,
waa dalub Kedar
ak waa Sela sarxolleendoo,
kaw tund ya di riirum mbég!
12 Nañu delloo Aji Sax ji màggaayam,
te biral bàkkam biir duni géej.
13 Aji Sax jeey waaxu ni jàmbaar,
xabtalu ni ñeyu xare,
àddu ca kaw, xaacu,
tiime noon yi njàmbaaram.

### *Aji Sax ji soppi na*

14 Aji Sax ji nee: «Damaa yàgga xeremlu,
ne cell, téye sama bopp.
Waaye léegi, ni kuy matu laay onke,
di xiix aka àppaat boole ca.
15 Maay tonni tund wu mag ak wu ndaw,
lu cay gàncax, ma laxal;
ag dex, ma def ag joor;
ab déeg, ma ŋiisal.
16 Maay doxloo silmaxa yi
ci yoon wu ñu xamul,
ñall wu ñu miinul laa leen di jaarale.
Maa leen di soppil lëndëm gi fi seen kanam
ag leer,
fu ñagas, ma maasaleel leen.
Lii laa leen di defal,
te duma leen wacc mukk!
17 Ñi wóolu ay jëmmi tuur,
naan jëmm yu ñu móol:
"Yeenay sunuy yàlla,"
dees na leen waññi, toroxal leen.

### *Waa Israayil tëx nañu te silmaxa*

18 «Yeen tëx yi, dégluleen;
yeen silmaxa yi, xoolleen ba gis.
19 Ana ku silmaxa ku moy sama jaam bii*?
Ku tëx ba dab sama ndaw li ma yónni?
Ana ku silmaxa ba dab kii ñu jàmmal?
Ku silmaxa ba dab jaamu Aji Sax jii?
20 Gis nga lu bare,
waaye jàppoo ci dara.
Nopp ne kótt, dég-dég të!»
21 Aji Sax ji la soob ci njubteem,
mu fésal màggaayu yoonam ak taar ba.
22 Waaye ñu ngii di xeet wu ñu futti,
sëxëtoo;
ñépp tëje ciy pax,
dence ci kaso,
ñu doon alalu xare
fu leen kenn dul xettalee,
xanaa ñu di leen sëxëtoo,
te kenn du ne ñu delloo leen.

23 Ana kan ci yeen mooy dékk lii nopp?
Kuy teewlu, ba doxe fa dégg?
24 Ana ku jébbal waa kër Yanqóoba futtikat
yi,
ku jox Israayil gii, sëxëtookat yi?
Xanaa du Aji Sax ji nu tooñ?
Ñoo baña topp ay yoonam,
baña sàmm ndigalu yoonam,
25 ba mu yuri leen tàngooru sànjam,
sotti leen tar-taru xare,
mu jafal wetoo wet, te taxul ñu xam,
xoyom na leen te bawuñu ci xel.

## 43

### *Jotkatub Israayil kenn la*

1 Léegi nag yaw Yanqóoba,
yaw Israayil mii,
Aji Sax ji la sàkk tabax la, dafa wax ne:
«Bul tiit, jot naa la.
Dama laa woo ci sa tur.
Maa la séddoo.
2 Booy xuus cim ndox,
maa ngi ànd ak yaw;
ag dex du la mëdd.
Booy dox cib taal, doo lakk,
sawara du la xoyom.
3 Man Aji Sax ji, maay sa Yàlla;
man Aji Sell ju Israayil,
maa lay musal.
Maa joxe Misra, feye la;
ak Kuus ak Saba, ma weccikoo la.
4 Fonk la, teral la ak sopp la,
moo tax ma joxey nit, weccikoo la;
ay askan dee, wuutu sa bakkan.
5 Bul tiit, yaw laa àndal,
maay jële saw askan penku,
dajalee leen sowub jant.
6 Maa naa bëj-gànnaar: "Bàyyi leen!"
ne bëj-saalum: "Bu leen téye!"
Jëleel sama doom yu góor fu sore, delloosi,
te jëleji sama doom yu jigéen fa cati àddina.
7 Delloosil képp ku ñu ma tudde,
te ma sàkk leen ngir ñu màggal ma,
tabax leen, sottal leen.»
8 Indileen ñii diy silmaxa te ami gët;
tëx te ami nopp.

* **42.19 *sama jaam bii*** mooy bànni Israayil fii.

9 Na xeet yépp daje,
askan yépp teewandoo.
Ana ku nu ci yégaloon lii xew,
mbaa mu xamal nu la wees?
Na seen seede teew, dëggal leen;
ba ñu dégg leen, ne noonu la.
10 «Yeen sama ñoñ, yeenay samay seede.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Yeenay sama jaam bi ma tànn,
ngir ngeen xam, ba gëm ma,
ba ràññee ne maay moom.
Sàkkeesul yàlla ju ma jiitu,
mbaa ju may wuutuji.
11 Aji Sax ji, mennum man a;
amul jotkat bu ma moy.
12 Maay dogal texe, sottal ko, biral ko,
ba tuuru doxandéem nekkagul seen biir.
Yeen nag, yeenay samay seede.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Man maay Yàlla,
13 maa masa doon kenn ki,
te sama loxo, maneesu cee musle.
Su ma defee, kuy dindi?»

14 Aji Sax jiy seen jotkat,
Aji Sell ju Israayil dafa wax ne:
«Yeena tax ma yebal ku songsi Babilon,
ba dàjji lu fay tëjukaay,
ba xaxalooy Kaldeen ñooñu diy jooyoo*.
15 Maay Aji Sax ji, seen Ku sell ki;
maa sàkk Israayil, di seen buur.»

16 Aji Sax ji dafa wax,
moom mi sàkk yoon biir géej,
rëddu xàll, digg mbeex mu ne xéew;
17 xabtal watiiri xare aki fas,
ak gàngooru ñeyi xare,
ñu bokk tëdd, jógatuñu,
xanaa fey kamaj nib làmp.
18 Mu ne: «Buleen geesu la woon,
buleen seet ca la wees.
19 Maa ngii di def lu yees,
te mu ngii di feeñ xaat!
Ràññeewuleen koo?
Biir màndiŋ mi kay laay xàllu yoon;
fa ne sereŋ, ma walal ay dex;
20 ndundati àll bi di ma sàbbaal,
ñook njabootug bànjóoli,
nde maa mayem ndox fi màndiŋ mi,
dex ya wale fu noon sereŋ,
ma nàndale sama ñoñ, sama tànnéef,
21 xeet wii ma bindal sama bopp,
te ñooy siiwal sama woy.

22 «Moona Yanqóoba, woowuloo ma,
yaw Israayil laa ne, sàppi naa la.
23 Du xar mu ndaw moo ma defal saraxu rendi-dóomal,
mbaa sarax yoo ma terale,
te du sarax su ma la teg it,
mbaa saraxu cuuraay bu ma la sonale.
24 Du xaalis boo ma jëndale barax bu xeeñ,
du nebbonu sarax boo ma reggale.
Xanaa lakkal maak say bàkkaar,
sonal maak say ñaawtéef.
25 Mennum man mii maay far say moy ngir man,
ba dootuma fàttaliku bàkkaar.
26 Fàttali ma saw lay, nu bokk layoo;
waxal boog yaw, ndax nga yey!
27 Sa maam a njëkka bàkkaar,
ñi lay teewal teg ca gàntal ma,
28 ba tax ma sobeel kilifay kër gu sell gi,
sànk Yanqóoba,
wacce Israayil ŋàññi noon.

# 44

*Aji Sax jee mat cëslaay*

1 «Yaw Yanqóoba, sama jaam bi, déglul boog,
yaw Israayil sama tànnéef laa wax.
2 Aji Sax ji dafa wax, moom mi la sàkk,
mooñ la fa sa biiru ndey,
di la dimbali.
Ma ne: Yaw Yanqóoba sama jaam bi,
yaw Yesurun* sama tànnéef laa wax,
bul tiit.
3 Maay sottim ndox suuf su mar,
ak wal yu waleg joor gu wow.
Maay sotti saw askan samag noo,
sama barke sottikul ñi nga meññ,
4 ñu màgg ni garabu saab-saab,
nirook garab yu mag yu feggook ndox.
5 Kii nee: "Aji Sax jee ma moom."
Kee di tuddoo turu Yanqóoba,
kale bind ca loxo ba: "Maa ñeel Aji Sax ji"
tey wuyoo turu Israayil.»

*Aji Sax ji dëkk na yàllantu yi*

* **43.14** Li ñu wax fii ci làkku ebrë am na werante.

* **44.2** ***Yesurun:*** tur wii ak Yanqóoba itam dees na ko woowe Israayil.

6 Aji Sax ji dafa wax,
moom buurub Israayil, jotkatam,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
mu ne: «Maa njëkk, maa mujj,
te Yàlla amul ndare man.
7 Ana ku mel ni man? Na àddu!
Na biral firndeem te taajal ma
la amoon ba may sos xeet wu yàgg wa,
ak li dikkagul.
Na ko wax!
8 Buleen tiit, buleen ragal.
Dama leena biralul lii bu yàgg, yégal leen ko?
Yeenay samay seede.
Yàlla daa am ju ma moy?
Cëslaay amul, xawma ci kenn!»

9 Képp kuy tabax jëmmi tuur, doo tus,
xërëm yooyu ñu safoo amul njariñ.
Ñooñu ñu defi seede
te gisuñu, yéguñu,
muy seen gàcce!
10 Sàkk sam tuur,
móol sa jëmmu tuur,
te jariñu la tus!
11 Képp ku ca bokk
sa gàcce lay doon,
ña koy yatt sax ay nit doŋŋ lañu.
Nañu daje ñoom ñépp, taxaw,
bokk tiitaangeek gàcce.

12 Ab tëgg jël jumtukaayam,
liggéey weñ ca taal ba,
wàkk a wàkk, jëmmal;
def ci kem kàttanam,
teg ca xiif, doole jeex,
naanul it ba tax mu loof.
13 Liggéeykatu bant tàllal buumu nattukaay,
jël kew, nataale,
xacc, rëdde rëddukaayu wërngal,
jox ko bindu nit,
jekkal ba mu mel ni nit,
nar koo fat cib néeg,
14 ba tax mu gor garabi seedar,
sàkk banti sippar ak yu ni mel,
tànn ci garabi gott bi,
mbaa mu jëmbat garab yu dëkke naat,
ab taw màggal,
15 nit xambe, sàkk ci, jaaroo;
taal, lakke mburu;
sàkkaale ci jëmmu tuur, sujjóotal ko,
muy jëmm ju mu defar, di ko sukkal;
16 xaaju matt ma lay taal,
toggew yàppam, lekk,
wàjj, xéewloo ba suur,
jaaruwaale te naan:
«Mii njaar mu neex!
bii tàkk-tàkk bu yànj!»
17 Ndesu matt ma lay sàkke jëmmu tuuram,
sukkal ko,
sujjóotal ko, ñaan ko, naa:
«Yaay sama Yàlla, xettali ma!»

18 Ñii xamuñu, xàmmeewuñu,
seeni gët lañu lëndëmal, ba gisatuñu;
fatt seenum xel, ba xelootuñu.
19 Ku mel nii du delloosim xelam,
ba xam, ràññee ne:
«Xaaju matt mi laa taal,
lakke mburu,
wàjje yàpp, lekk;
mu des, ma di ko sàkke lu seexluwu lii?
Ab dogu bant laay sukkal?»
20 Kee di jur gu dunde dóomu-taal,
xelam nax ko, sànk ko.
Du keey musal bakkanam de!
Du kee naa: «Xanaa duy caaxaan laa yore nii?»

21 Aji Sax ji nee: «Yanqóoba, baal xel ci lii!
Ma ne Israayil, fàttalikul, yaa di sama jaam!
Ma bind la, ngay sama jaam,
yaw Israayil, duma la fàtte!
22 Maa far say moy, mu naaxsaay niw niir,
say bàkkaar ne mes nib lay.
Délsil fi man, jot naa la.»
23 Asamaan, sarxolleel, Aji Sax ji dikk na!
Yeen xóotey suuf, xaaculeen!
Yeen tund yi, neleen réllet, sarxolleendoo,
ak yaw gott beek sa bépp garab!
Aji Sax jee jot Yanqóoba,
te moom Israayil lay fésale darajaam.

### *Dees na dëkkewaat Yerusalem*

24 Aji Sax ji sa jotkat dafa wax,
moom mi la bind ba ngay sosu,
ne: «Man maay Aji Sax ji sàkk lépp.
Man doŋŋ maa tàllal asamaan,
lal suuf, kenn wéttaliwu ma ca.
25 Maay neenal firndey maaman,
dofloo gisaanekat.
Maay weddi boroom xel mu rafet,
def xam-xamam mu dig ndof.

26 Maay dëggal sama kàddug jaam,
di sottal sama ndéeyal ndaw.
Maa naan ci Yerusalem:
“Dees na ko dëkke,”
dëkki Yuda, ma ne:
“Dees na leen tabaxaat,
ma dekkali gentam bi.”
27 Maa naa xóotey mbeex mi: “Wowal,
te maay ŋiisal say dex.”
28 Maa naa ci Sirus†: “Sama sàmm bi!
Mooy matal sama bépp nammeel,
te it moo naa ci Yerusalem:
‘Nees ko tabaxaat,’
kër gu sell gi, la ne:
‘Nees ko yékkatiwaat!’ ”»

# 45

*Aji Sax ji dooleel na Buur Sirus*

1 Aji Sax ji dafa wax ki mu fal,
Buur Sirus mi mu jàpp ci loxol ndijooram,
ngir nangulal ko xeet yi,
yolomal ngañaayal buur yi,
lafal koy bunt,
ba bunti dëkk du tëje,
2 mu ne: «Man maa lay jiitu,
maasale mbartal,
rajaxe buntu xànjar,
damm tëjukaayu weñ.
3 Maa lay jagleel denc yu ruqe,
ak alal ju làqe,
ba nga xam ne maay Aji Sax ji lay woowe sa tur,
man Yàllay Israayil.
4 Te Yanqóoba sama jaam bi,
Israayil moomu di sama tànnéef moo tax
ma woowe la saw tur,
takkal la ndombol tànk,
te xamuloo ma.
5 Aji Sax ji man a, du keneen;
kenn du Yàlla ku dul man.
Maa la gemb,
te xamuloo ma,
6 ngir xamees penku ba sowu,
ne lu dul man neen la.
Aji Sax ji man a, du keneen.
7 Maay bind leer,
di def lëndëm.
Maay indi jàmm,
di def safaan.
Maay Aji Sax jiy def lii lépp!
8 Na asamaan wis-wisal,
niir tawal dëgg ak yoon;
suuf fett, meññal wall,
boole ci jebbil dëgg ak yoon.
Man Aji Sax ji, maa def lii!»

9 Wóoy ngalla kuy diiŋat ka la tabax
te di ndabal xandeer ci biir ndabi xandeer!
Ana ban ak di wax tabaxkatam,
naa ko: «Looy def nii?
Yaw amulooy loxo.»
10 Wóoy ngalla ku naan baayu nit,
«Moo, lu sa geño meññ nii?»
Mbaa ku naan ndeyu nit,
«Li nga wasin lu mu?»

11 Aji Sax ji, Aji Sell ju Israayil dafa wax,
moom mi ko bind,
mu ne: «Lu dikkagul, nu ngeen ma ko ñemee laaje;
am dangeen may jox ndigal ci samay doom,
jox ma ko ci li ma liggéeye samay loxo?
12 Man maa amal suuf,
sàkk doom aadama fi kaw suuf.
Man mii la samay loxo firi asamaan,
te maay jox gàngoori asamaan lépp ndigal.
13 Man maay yékkati Buur Sirus ci àtteb dëgg,
xàllu yoonam.
Man maay yékkati Buur Sirus ngir mu doxal yoon,
maa koy xàllal yoon.
Moom mooy tabax sama dëkk,
yiwi sama ñoñ ñi ñu toxal,
te du laaj pey mbaa neexal.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.

14 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Muy ñaqu Misra, di koomu waa Kuus,
ak waa Seba ñu njol ñi,
ñoom ñépp ay jàllsi, nga jagoo.
Sa gannaaw lañuy topp,
yeewe, jàllsi;
sujjóotal la, di ñaan naan:
“Fi yaw daal la Yàlla ne,
du feneen,
te tuur neen la.”»
15 Yaw déy, yaa di Yàlla ju làqu,
yaw Yàllay Israayil ji koy wallu.
16 Yattkati xërëm yaa ngoogu, rus,

† **44.28** ***Sirus*** mooy buuru Pers.

torox, riixleendoo.
17 Israayil, yaay mucc fa Aji Sax ji
mucc gu sax dàkk!
Doo rus, doo torox
fii ak ëllëg.

18 Aji Sax ji kat dafa wax,
moom mi sàkk asamaan,
moom Yàlla mi bind suuf,
tabax ko, dëj ko,
sàkkewu ko maraas,
xanaa tabaxal ñu ko dëkke.
Mu ne: «Aji Sax ji, man a, du keneen.
19 Làquwuma, di waxe béreb bu lëndëm.
Newuma it askanu Yanqóoba:
“Wërleen ma ci neen.”
Man Aji Sax ji maay wax dëgg,
di biral liy yoon.»

20 Yeen daw-làquy xeet yi,
dajeleen, dikk,
ànd, jegesi.
Képp ku gàddu tuuru bantam,
ak kuy ñaan tuur mu ko dul wallu,
kooka xamul dara.
21 Àdduleen, layoosi,
diisooleen fi seen biir kay!
Ana ku xamle woon lii bu yàgg,
yégle woon ko booba?
Xanaa du man Aji Sax ji?
Kenn du Yàlla ku dul man!
Yàlla ju jub, di walloo,
du kenn ku dul man!
22 Yeen waa àddina, catoo cat,
walbatikuleen fi man, mucc.
Man maay Yàlla, du keneen.
23 Giñ naa ko ci man mii,
sama gémmiñ, dëgg a ciy jibe,
di kàddu gu dul randu.
Man la ñépp di sukkal seen bëti óom,
man it la bépp boroom làmmiñ di giñe.
24 Dees na ma waxal ne:
«Aji Sax ji rekk a jagoo àtte ak doole!»
Mboolem ñi ma mereey ànd,
sëgg, fekksi ma.
25 Ci Aji Sax ji la askanu Israayil gépp yeye,
bay damu.

# 46

## *Yii yàlla bootu, jii Yàlla di boote*

1 Tuur ma ñu naa Bel toqi na,
tuur ma ñu naa Nebo sukk,
mala ya féetewoo seeni jëmm,
ñoom lees daan gàddu*, tey jur gi jagoo,
di leen sëf ba loof.
2 Tuur yaa ngay sukk, bokk toqi;
manuñoo wallu seen jëmm ya,
xanaa doxal seen bopp, dugg cig njaam.
3 Aji Sax ji nee na: «Dégluleen yeen waa kër
Yanqóoba,
yeen ndesu kër Israayil gépp,
yeen ñi ma dale yor ba ngeen juddoo,
di leen fab ba ngeen génnee seen biiru
ndey.
4 Ba ba ngeen di magal, man la,
ba keroog ngeen di bijjaaw, maa leen di
boot.
Maa sàkk, maay yor,
maay boot, xettali!

5 «Ana ku ngeen may niruleel,
di ma nàttableeka méngaleek moom,
ba ñu niroo lenn?
6 Ñii déy a yullee wurus ci mbuus,
sàkk xaalis, natt diisaay ba,
fey tëgg bu leen ci tëggal am tuur
mu ñuy sukkal aka sujjóotal,
7 yékkati teg ci mbagg,
yóbbu, teg béreb, mu des fa;
du jóge fa mu tege,
ku ko woo wall it, du wuyu,
ba jot ko ci njàqare.
8 Fàttalikuleen lii te dëgërluwaat!
Yeen bàkkaarkat yi, defleen lii ci seen xel.
9 Fàttalikuleen cosaan la woon.
Man mii maay Yàlla, du keneen.
Amul Yàlla ju mel ni man!
10 Maay yégle muj ca ndoorte la,
ak jëf ju amagul, lu jiitu bu yàgg.
Maa naa sama mébét a ngii, day am,
sama bépp nammeel sotti.
11 Maay woowe jaxaay penku,
woowe réew mu sore, kuy sottal sama
mébét.
Maay àddu, amal;
maay nas, sottal.

12 «Dégluleen maa, yeen dëgër bopp yi!
Yeenaka dëddu njub!
13 Maa jegeñal sama àtte, soreetul;

* **46.1** Waa Babilon a doon gàddu seeni tuur, gannaaw ba leen Buur Sirus songee.

sama wall a ngii, yàggatul.
Maay maye wall fi Siyoŋ gii,
ba Israayil gii di sama gànjar.»

# 47

*Babilon falu, fëlëñu*

1 Yaw janq Babilon,
wàccal, toog ci pënd bi.
Yaw dëkkub Kaldeen bi ci taar bi laa ne,
toogal fi suuf, amatoob jal.
Dootoo dégg: «Lewet, ndaw su xay.»
2 Fabal wolukaay, wol sunguf.
Dindil sa muuraay gi,
wogos sa mbubb,
ëñ sas kumba,
xuus, jàll dex yi.
3 Na sa yaram feeñ,
say cér ne fàŋŋ.
Damay feyu,
te duma baale.

4 Sunu jotkat ay Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
Aji Sell ju Israayil.

5 Yaw dëkkub Kaldeen bi ci taar bi,
toogal ne cell te fatu cig lëndëm,
deesatu la woowe lingeeru réew yi.
6 Maa mere woon sama ñoñ,
sobeel sama séddoo ñii,
teg leen ci sa loxo,
te wonoo leen yërmande,
ba mag sax, nga teg ko lu diisa diis,
7 te naa: «Ba fàww maay lingeer!»
ba tax bàyyiwoo xel ca la ngay def;
xalaatoo la muy jur.
8 Diryànke bee, déglul lii:
Yaa ngi ne finaax te naa ci sam xel:
«Maa ko yor, man rekk, du keneen.
Duma jooy jëkkër, duma jooy doom!»
9 Te ñaar yooyoo lay dikkal ci benn bés.
Jooy doom, jooy jëkkër ay yembandoo,
dal fi sa kaw ci sa biir xërëmtu yi ne xas,
ak sa jat yu dul jeex.
10 Dangaa yaakaaroon sa pexe yu bon,
naan, «Kenn gisu ma!»
Sam xel ak sa xam-xam a la wacc,
ba tax nga naa: «Maa ko yor, awma moroom.»
11 Musibaa lay dikkal,
te doo xam fu mu fenke.
Njaaxum a lay dal,
te du looy mana fanq.
Sànkuteey jekki dale la foo yégul.

12 Jàppool say jat rekk
ak sa xërëm yu ne xas
yoo dale sonn ba ngay ndaw.
Jombul mu amal la njariñ,
mbaa ñu ragale la ko.
13 Yaaka sonn ci tegtali maa-man!
Nañ taxaw boog, wallu la!
Ñii di rëdd nataalu asamaan,
di niiri biddiiw,
ak di xool weer wu feeñ,
xamle ca loo dikkleegul.
14 Ñu ngoog bokk demin ak boob bu sawara jafal,
duñu musal seen bakkan ca sawara sa,
te du doon ab taal bu ñuy lakke mburu
mbaa xal wooy uuf di jaaru.
15 Lii moo di muju ña la taxoon di sonn.
Ña nga dale jëflanteel ba ngay ndaw,
ña ngay tambaambalu tey, ku nekk ak yoonam,
kenn walluwu la ci.

# 48

*Yàlla sikk na Israayil*

1 Yeen waa kër Yanqóoba, dégluleen;
yeen ñi ñu woowe turu Israayil,
yeen ñi bawoo bëti ndoxi Yuda,
di giñe turu Aji Sax ji,
yeen ñiy sàbbaal turu Yàllay Israayil
te dëgg ak yoon taxul,
2 moona yeena ngi sagoo turu dëkk bu sell bi,
di wéeroo Yàllay Israayil
ji turam di Aji Sax ji Boroom gàngoor yi:
3 «Yàgg na maa biral lay njëkka am.
Tuddoon naa ko, yégle ko,
jekki jëf ko, mu sotti.
4 Xam naa ne ñu dëgër bopp ngeen.
Dangeen të, wowle.
5 Moo tax ma yàgg leena biralal lii,
yégal leen ko balaa teew.
Lu ko moy ngeen ne:
"Sunu tuur mee ko def,
sunu tuuru bant bee,
sunu tuuru weñ gee ko amal di!"
6 Lii lépp déggoon ngeen ko;

xoolleen, xanaa dingeen ko nangu tey!

«Bés niki tey dinaa leen yégal lu bees,
muy kumpa gu ngeen xamul woon.
7 Léegi lees ko amal,
du lu yàgg.
Lu jiitu tey masuleen koo dégg
te dungeen ne xamoon ngeen ko.
8 Dégguleen, yéguleen,
seeni nopp masula bënn;
xam naa ne ay workati neen ngeen,
"njuddu-fippu" lañu leen di woowe.
9 Waaye sama tur tax na ma aj sama mer,
sama woy tax na ma muñal leen,
ba duma leen far.
10 Ma ne, togg naa leen, xelli cib taal,
waaye du taalu xellikaayu xaalis,
sawaras nattu laa leen xellee.
11 Samaw tur a tax,
sama tur laay jëfe.
Jomb naa ñaaw!
Te sama màggaay, duma ko joxe.

12 «Dégluleen ma, yeen askanu Yanqóoba,
yeen bànni Israayil gi ma dégtal sama woote.
Maay kenn, maa njëkk te maa mujj;
13 te sama loxo bee dëj suuf,
sama ndijoor bi firi asamaan.
Maa leen di woo, ñu bokk taxaw.
14 Bokkleen daje yeen ñépp te déglu!
Kan ci tuur yii moo yégle lii?
Ki Aji Sax ji sopp
mooy sottal nammeelu Aji Sax ji ci Babilon,
won Kaldeen ña fa dëkke diisaayu loxoom.
15 Maa àddu, man mii;
maa ko woo, indi ko,
te pexeem dina àntu.
16 Jegesileen ma, déglu ma;
bu njëkk ba tey làquwuma, di wax;
te ba muy xew, fa laa teew.»

Tey Boroom bi Aji Sax ji da maa yebal,
boole maak leeram.

17 Aji Sax ji seen jotkat dafa wax,
Aji Sell ju Israayil da ne:
«Maay Aji Sax ji, seen Yàlla
ji leen di jàngal seen njariñ,
di leen awale fa ngeen wara awe.
18 Céy su ngeen sàmmoon samay santaane,
ba jàmm baawaanal leen,
njekk géejal leen,
19 seen geño sakkan ni suuf,
di seen meññeefu biir, tollook feppi suuf,
du dog, du sànkoo fi sama kanam!

20 «Génnleen Babilon,
dawleen Kaldeen ñi, tey sarxolle.
Biralleen lii, yéene ko,
te yeggeji ko waa cati àddina,
ne leen Aji Sax ji jot na jaamam Yanqóoba.»
21 Marewuñu béreb yu wow ya mu leen jaarale woon,
ndox mu balle ciw doj la leen xellil,
moo xaru doj, ndox ma baawaan*.
22 «Jàmm,» la Aji Sax ji wax ne,
«du ñeel ñu bon ñi.»

# 49

## *Jaamub Aji Sax ji mooy leeru xeet yi*

1 Yeen waa duni géej, dégluleen ma;
yeen askan ya fu sore, teewluleen ma.
Fa sama biiru ndey la ma Aji Sax ji woowe,
moo tudd sama tur ba ma saa ndey juragul.
2 Moo ñawal sama kàddu ni saamar,
làqe ma keru loxoom.
Moo ma def may fitt gu ñaw,
yeb ma ci mbuusum fittam.
3 Moo ma ne: «Israayil yaa di samab jaam,
yaw laay wonee samag leer.»
4 Man nag ma noon:
«Maa sonn ci dara,
coonob cóolóol bu amul njariñ.»
Teewul sama àttee nga fa Aji Sax ji,
sama yool a nga fa sama Yàlla.
5 Tey nag Aji Sax jee wax,
moom mi dale sama biiru ndey,
mooñ ma, ma dib jaamam
bi koy waññil askanu Yanqóoba ba ca moom,
dajaleel ko bànni Israayil googu fa moom,
ba jagoo teraangay Aji Sax ji,
sama Yàlla jii di sama doole.
6 Mu ne: «Xeeb naa li ma la sas ngay sama jaam
biy siggil giiri Yanqóoba,

* **48.21** Seetal ci *Mucc ga* 17.1-7.

te wara delloosi ndesu Israayil gii.
Tabb naa la, ngay leeru jàmbur ñi,
ngir nga jottaliji ba ca cati àddina sama wall.»

7 Aji Sax ji jotkatub Israayil,
moom Aji Sell ju Israayil,
moo wax ak ki xeet yi xeeb, sib ko,
te muy surgawu kilifa yi,
mu ne ko: «Ay buur ay gis, jóg,
ay kàngam di sukk,
ngir Aji Sax jii gore,
ngir Aji Sell ju Israayil ji la tànn.»

8 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Bu bésub yiw taxawee, ma nangul la;
bu bésub mucc jotee, ma wallu la,
sàmm la,
def la ngay kóllëre sama diggante ak askan wi,
ngir yékkatiwaat réew mi,
séddalewaat ay cér, suuf sii gental tey,
9 ba ne ñi ñu tëjoon: "Génnleen!"
Fa ñu nekkoon cig lëndëm,
laa naa leen: "Génnleen ci leer gi!"
Ñooy doon sama gàtt, dellu di fore aw ñall,
ak wépp tund wu ne faraas tey.
10 Duñu xiif, duñu mar;
tàngooru mbóoyo akub jant du leen sonal,
nde ki leen ñeewantee leen di wommat,
di leen yóbbu fu ndox bënne.
11 Sama tund yépp laay soppiy yoon,
sëkkaat samay mbedd.
12 Ñu ngii bawoo fu sore,
ñu ngii bawoo bëj-gànnaar ak sowu,
ñee bawoo diiwaanu Sinim ca bëj-saalum.»
13 Asamaanoo sarxolleel, suufoo bégal,
te tund yi xaacoondoo!
Aji Sax jee dëfal ñoñam,
moo ñeewante néew-ji-dooleem ñii.

14 Siyoŋ a nga naa: «Aji Sax ji wacc na nu,
Boroom bi fàtte na nu!»
15 Aji Sax ji nee: «Ana jaboot juy fàtte doomam juy nàmp,
mbaa muy néege ku mu jur ci biiram?
Bu ko manoona fàtte it,
man duma la fàtte.
16 Sama biir loxo yii laa la ñaas,
say tataa janook man ba fàww.
17 Ñi lay tabaxaat dañuy gaaw,
te ñi la yàqateek ñi la gental dañuy dem, ba la.
18 Séentul fi la wër te xool!
Ñépp a ngi daje, di la fekksi.
Ndegam maay Kiy dund,»
kàddug Aji Sax jee,
«ñoom ñépp ngay takkoo ni gànjar gooy gànjaroo nib séet.

19 Sa gentub tey bi déy a ngi wéet,
di réew mu yàqu yaxeet.
Waaye léegi déy mu fees ba far xat;
fu ña la sànkoon di soree.
20 Ñàkkoon ngay doom,
waaye ku nekk ci say doom ay dëkkalaat yii kàddu ci sab nopp:
"Fii dafa xat,
xajal ma fu ma dëkke!"
21 Dangay mujj naa:
"Moo, ku ma jural ñii ñépp?
Man mi ñàkkooni doom, manumaa jur,
ñu toxal ma, wacc ma;
ana ku leen yoroon te ma des, man kenn?
Ñii sax, fu ñu ne woon?"»
22 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
«Maa ngii di tàllal xeeti jàmbur ñi loxo,
ñee ma yékkati raaya, woowe leen;
ñu fab say doom yu góor, indi,
tungóom sa doom yu jigéen, delloosi;
23 Yaw la ay buur di baayoo,
seeni lingeer di la nàmpal.
Ñoo lay sujjóotal,
di la maral say tànk,
ba nga xam ne maay Aji Sax ji,
te ku ma yaakaar du rus.»

24 Manees naa foqati alalu sëxëtoo ci loxol jàmbaar a?
Am manees naa rëcc boroom doole bu la jàpp?
25 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Moona dees na foqati ku jàmbaar jàpp,
ba rëccal alalu sëxëtoob boroom doole.
Say jotewaale, maay joteek ñoom,
te say doom, maa leen di wallu.
26 Ñi lay néewal, maa leen di leel seen suuxu bopp.
Seen deret ni biiñ bu bees, ma màndale leen,
ba ñépp xam ne
maay Aji Sax ji lay wallu,

jàmbaaru Yanqóoba ji lay jot.»

# 50

## *Aji Sax ji waccul ñoñam*

1 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Xanaa damaa fase seen ndey?
Wonleen ma kayitu pase mi!
Maa leen jaay njaam, feyey bor?
Ana ku ma leen jaay?
Bu ñu leen jaayee, seeni ñaawtéef a.
Bu ñu fase woon seen ndey it, seeni moy a.
2 Ana lu tax ba ma dikkee, kenn nekku fa?
Ma woote, kenn wuyuwul?
Damaa gàtta gàtt loxo, ba manumaa walloo?
Am damaa ñàkk doole ju ma xettalee?
Xanaa du maay gëdd géej, mu wow,
maay defi dex màndiŋ, ndox tukki;
jën ya mar, dee ba yàqu?
3 Du maay sànge asamaan ag lëndëm,
mu mel ni ku ma solal saaku yu muy ñaawloo?»

## *Siggal nañu jaamub Aji Sax ji*

4 Boroom bi Aji Sax ji moo ma may làmmiñu ndongo lu mokkal,
ngir ma xam gan kàddu laay jàppalee ku sonn.
Suba su ne mu yee ma, yeel ma nopp bu ma teewloo ni dongo yi.
5 Boroom bi Aji Sax jee ma bënnali nopp,
te man it, gàntalu ma ko,
deltuwuma gannaaw.
6 Sama gannaaw laa jox ku may dóor,
dékk lex kuy xus sama sikkim,
te làquma sama kanam ku may saagaaka serati.
7 Waaye Boroom bi Aji Sax jee may dimbali,
ba tax rusuma.
Moo ma taxa dogu ba dëgër,
ngir xam naa ne deesu ma rusloo.
8 Ki may dëggal jege na.
Ana kuy layook man? Nan bokk taxaw!
Kuy jànkoonteek man ci yoon? Na jegesi boog!
9 Ma ne, Boroom bi Aji Sax jee may dimbali.
Ana ku may daan?
Dama ne, ñoom ñépp ay jeexal
ni yére yu saxe ba sagaroo.
10 Ana ku ragal Aji Sax ji ci yeen,
di déglu kàddug jaamam?
Képp kuy doxe lëndëm
te amul leeraange,
na wóolu Aji Sax ji,
te wéeroo Yàllaam jii.
11 Ma ne, yeen ñiy jafal ab taal ñépp
tey gañoo jum yuy boy,
xuusleen ci sawara si ngeen jafal
ak jum yi ngeen boyal.
Maa leen dogalal lii:
yeenay tëddaale mitit.

# 51

## *Barke ñeel na ñoñi Aji Sax ji*

1 Dégluleen maa, yeen ñiy wuta doxee yoon,
wuta déggal Aji Sax ji.
Xoolleen doj wi ñu leen yatte,
xool xóotey kàmb gi ñu leen seppee:
2 seen maam Ibraayma laa ne, moom ngeen di xool,
xool ci Saarata mi leen meññ.
Ba muy kenn laa ko woo,
barkeel ko, ful ko.
3 Aji Sax jeey dëfal Siyoŋ moos,
dëfalaale fépp fu fa dib gent,
ba def màndiŋam ni toolub Àjjana,
jooram gu wow mel ni toolub Aji Sax ji,
mbégteek bànneex teew fa,
ak cantug woy feelu.
4 Yeen sama ñoñ, teewluleen ma,
yeen sama ñoñ, dégluleen ma.
Fi man la téereb yoon di bawoo,
te maay fettaxal sama àtte,
muy leeru xeet yi.
5 Sama wall jege na,
sama àtte dëgmal na,
ma nara àttee xeet yi sama dooley përëg.
Man la waa dun yiy xaar,
sama dooley përëg lañu yaakaar.
6 Séentuleen asamaan
te xool suuf si mu tiim.
Asamaan ay tasaaroo ni saxaar,
suuf ràpp ni mbubb,
ñi ko dëkke dee niy weñ,
te du tee sama wall di sax ba fàww,
sama doxalinu yoon it du dagg.
7 Yeen ñi xam liy yoon, dégluleen ma,
yeen, askan wi sama yoon yebu ci seen xol.

Buleen ragal nit ku leen sewal,
buleen tiit seeni xaste.
8 Sax a leen di lekk ni mbubb,
max ŋeeñ leen ni ndimol kawaru gàtt;
te du tee sama doxalinu yoon sax dàkk,
sama wall saxal maasoo maas.

9 Aji Sax ji, yewwul, ngalla yewwul;
wone sa doole!
Yewwul na bu njëkkoon,
bu yàgga yàgg.
Xanaa du yaa falaxe Raxab?
Du yaa jam ninki-nanka jooja?
10 Xanaa du yaa wowal géej
ak ndoxum xuram wu ne màww,
def xóotey géej aw yoon,
ña nga jot jàlle ca?
11 Ñi Aji Sax ji goreel, nii lañuy dellusee,
agsaaley sarxolle fa Siyoŋ,
kaalawoo mbég mu sax,
mbégteek bànneex wàllsi,
naqar aku tiis daw.

12 Man ci sama bopp maa leen di dëfal.
Ana lu ngeen di ragal ci nit kuy dee,
doom aadama ju bokk aw demin akum ñax?
13 Dangeena fàtte Aji Sax ji leen sàkk,
ki firi asamaan, lal suuf?
Dangeen di dëkke bésoo bés,
di tiit xadaru boroom doole buy waaja sànke?
Ana fu xadaru boroom doole mujje?
14 Ku diisoon ba waaf léegi nga féex;
doo deewe pax ma nga tëje,
te doo ñàkk loo lekk.
15 Man maay seen Yàlla Aji Sax ji,
kiy yëngal géej, riiral gannaxam,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi di sama tur.
16 Maa la sexal samay kàddu,
yiire la sama keru loxo,
aj asamaan, lal suuf,
ne Siyoŋ: «Yeenay sama ñoñ.»

17 Yewwulee, yewwul, Yerusalemee jógal,
yaw mi Aji Sax ji nàndal kaasu mbugalam.
Kaas bu wex bay miirloo,
taat wa, yaa ko siitaatu.
18 Amul ci ñi nga jur, kenn koo dese
ku lay wommat.
Amul ci doom yi nga yar, kenn
ku lay jàpp ci loxo.
19 Yii yaar de dikkal na la:
yàquleek sànkule.
Ana kuy bokk ak yaw saw naqar?
Xiif ak loraangey saamar!
Ana nu ma lay dëfale?
20 Sa doom yi ne lasar,
mbete kooba yu fiir jàpp,
ñu ne lareet fépp fu mbedd daje,
këppoo sànjum Aji Sax ji,
sa Yàlla ji leen rëbb.

21 Rikk déglul nag lii, yaw mi musiba dal,
nga màndi te du biiñ.
22 Sa boroom Aji Sax ji,
sa Yàlla jiy layool ñoñam
dafa wax ne: «Mu ngoog, maa jële ci sa loxo,
kaas bu wex biy miirloo;
taatu kaas ba def sama mbugal,
dootoo ko naan.
23 Maa koy teg ci loxol ñi la doon naqaral,
te naan la: “Sëggal, nu joggi, jàll,”
nga def sa gannaaw gi aw yoon,
ñu joggi, wéy.»

# 52

*Yerusalem dina suqaliku*

1 Yewwulee, yewwul,
Siyoŋee, làmbool sa doole!
Yerusalem, dëkk bu sell bi,
solul ba ne ràññ!
Ndax du kenn ku xaraful mbaa ku sobewu ku lay songati.
2 Yaw Yerusalem, mi ñu jàpp njaam,
jógal fëgtu,
yaw janq Siyoŋ mu taaru mi ñu jàpp njaam laa ne,
tikkil buum gi ci sa baat.
3 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Dees leena wànteeroon ci dara,
te du xaalis lees leen di jotaate.»
4 Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Misra la sama ñoñ njëkka wàcc, dali fa,
Asiri door leena noot ci dara.
5 Léegi nag ana lu fiy sama wàll?»
Kàddug Aji Sax jee.
Mu ne: «Jàpp nañ sama ñoñ njaam ci dara;
seeni sang a ngi tëggu,
di dëkke ñàkke teggin sama tur.»
Kàddug Aji Sax jee.
6 «Moo tax sama ñoñ di xam maay kan;

moo tax bésub keroog
ñu xam ne maay wax te maa ngii!»

7 Ndaw leeka rafeti tànk,
kee bartaloo tund yi,
di la dégtalsi jàmm,
di la xibaar lu neex,
àgge la ag mucc,
ne la: «Éey, Siyoŋ,
sa Yàllaay Buur!»
8 Déglul sa wattukat yi,
ña ngay xaacu, sarxolleendoo.
Ñoo gisal seen bopp
Aji Sax ji di ñibbisi Siyoŋ.
9 Yeen genti Yerusalem, àndleen sarxolle;
Aji Sax jeey dëfal ñoñam,
mooy jot Yerusalem gii!
10 Aji Sax jee wone dooleem ju sell ji,
xeet yépp di gis,
ba ca cati àddina.
Ñépp ay gis sunu wallub Yàlla.
11 Génnleen, génnleen foofa!
lu sobewu, buleen ko laal!
Yeen ñiy yóbbu ndab yu sell yu Aji Sax ji*,
setluleen te génn foofa.
12 Dungeen gaawtu déy, di dem;
duy xél moos ngeen fay génne.
Aji Sax jeey dox jiitu leen,
te Yàllay Israayil laa ne, moo leen di féete
gannaaw.

*Teraangay jaam bi wuutu na coonoom*

13 Aji Sax ji nee: «Sama jaam baa ngii,
mooy baaxle, kawe,
dees na ko yékkati, darajaal ko lool.
14 Moo dawoon yaramu ñu bare,
ndax yàqu ba nirootul nit,
bindootul woon ni doom aadama,
15 waaye noonu it lay waare ay xeeti xeet†,
ba buur yi ne cell,
ngir lu ñu leen waxuloon, ñu gis ko,
lu ñu dégguloon, ñu mujj koo ràññee.»

# 53

1 Ana ku gëm sunub dégtal?
Dooley loxol Aji Sax ji ana ku mu ko won?
2 Kii màgge fi kanamam ni njëmbat,
te nirook reen bu fette ag kekk.
Dub taar, du yànjaay bu nu koy niire,
du meloom wu nu koy soppe.
3 Dees na ko xeeb, daw ko,
muy nit ku bare mitit
te miin naqar.
Mu mel ni ku ñuy dummóoyu,
dees koo xeeb te nawloowuñu ko.
4 Ndaxam moom sunu wopp la yenu,
sunuy mitit la sëfoo.
Nun nu foog ne dees koo mbugal,
foog ne Yàllaa ko duma, toroxal ko.
5 Te moom sunuy tooñ a waral ñu jamat
ko;
sunuy ñaawtéef a waral ñu dëggaate ko.
Yar yi nu jàmmal moom la dal,
te mooy ki nu wére ciy góomam.
6 Nun ñépp a lajj niy xar,
ku nekk walbatiku topp yoonam,
te Aji Sax jee ko sëf mbugal mi nu wara
dékku nun ñépp.
7 Dees koo néewal doole, mitital ko
te ubbiwul gémmiñam,
xanaa mel ni xar mu ñuy rendiji,
ne cell ni xar mu ñuy wat,
ubbiwul gémmiñam.
8 Àttewuñu ko dëgg, yóbbu,
te ag maasam kenn teewluwul ne
tooñ gu sama bokk yi tooñ
lees ko génne ci réewum aji dund ñi,
te loolu lees ko faate.
9 Ni ñuy robe saay-saay lañu ko robe,
denc ko ci bàmmeelu boroom alal,
soxorul, fenul.

10 Moona Aji Sax ji la soob, mu dëggaate
jaamam bii,
teg koy naqar,
su nangoo doon saraxu peyug tooñ,
gis askanam, aw fanam gudd,
te coobarey Aji Sax ji ci moom lay sottee.
11 Mooy sonn ba gisug leer, doyloo ko.
Ñu bareey xam sama jaam bii di Aji Jub,
mu def ñu bare, ñu ñu limal njub,
ndax li mu sëfoo seeni ñaawtéef.
12 Moo tax ma di ko jox ab cér
ci biir ñu bare,
mu séddoo ak ay kàngam alalu xareem,
ngir moo jébbale bakkanu boppam,
ñu limaale kooki tooñkat,
moo gàddu bàkkaaru ñu bare

* **52.11** Seetal ci *2.Buur ya* 25.13-15. † **52.15** Manees na koo tekkee nii itam: *xeet yu bare lay wis-wisalum ndox, setale leen ko.*

te mooy tinul moykat yi.

# 54

*Aji Sax ji jëlaat na Yerusalem, soppeem*

1 Yaw mi jaasir ba juroo, xaacul!
Yaw mi xamul mititu mat, sarxolleel.
Aji Sax ji nee:
«Ndaw si ñu foñ moo gëna jaboot
kiy séy.
2 Yaatalal sa xayma bi,
firi sa sori xayma yu gëna yaa
te bul yéem.
Yokkal sa buumi xayma
te samp say bant, mu dëgër.
3 Dinga saam ay doom ndijoor ak càmmoñ,
saw askan moom ay xeet,
sancaat dëkk yu gentaloon.
4 Bul tiit, doo rus mukk.
Bul jaaxle, deesu la kersaal mukk.
Sa gàcce ga ba ngay ndaw, dinga ko fàtte,
te sa tiisu jëtun wa dootoo ko fàttaliku.
5 Sa jëkkër, Ki la sàkk,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee di turam.
Aji Sell ju Israayil moo la jot,
te moo di Yàllay àddina sépp.
6 Aji Sax jee la woo, nga dib jeeg bu ñu
wacc,
sa xol jeex tàkk,
Mu ne la:
"Nees di wacces ndaw
si nga takk ba ngay ndaw?"»
Sa Yàllaa ko wax.
7 Mu ne: «Maa la wacc diir bu gàtt,
dellu la jël ci yërmande ju yaa.
8 Sama xol a jóg,
ma xañ la sama kanam ab diir,
waaye maa lay yërëme ngor gu sax.»
Aji Sax ji lay jot moo ko wax.

9 Mu ne: «Na ma defoon ak
ndoxum Nóoyin ma mooy lii tey.
Maa giñoon ne ndoxum Nóoyin ma,
mu ni day dootul wale kaw suuf.
Noonu it laay giñe ne
duma la mereeti,
duma la rëbbati.
10 Bu tund yu mag yi doon toxu,
yu ndaw yiy raf sax,
sama ngor du la toxul,
te sama kóllërey jàmm du raf.»
Aji Sax ji la yërëm moo ko wax.

11 «Ngalla yaw Yerusalem,
mi ngëlén pamti-pamtee ba nga jàq,
te kenn dalalu la,
man Aji Sax ji,
maa ngii di la tabaxe doj yu ne ràñña,
samp la ci safiir.
12 Maay defare sa kawi tata peri rubi,
def say bunt per yuy lerxat,
def sa tata yi la wër yépp doj yu bakkane,
13 mboolem sa doom yu góor ay jànge ci Aji
Sax ji,
boole kook jàmm ju ne ñoyy.
14 Àtteb dëgg moo lay dëgëral,
nga sore nooteel, doo tiit;
sore tiitaange, du la jege.
15 Xanaa dees na songe moos,
waaye ku la song it, yebalu ma ko,
te ku la song daanu fi sa kanam.
16 Xoolal, man maa sàkk ab tëgg
buy wal taalu këriñ,
defar ca ngànnaay lu ne.
Waaye maa sàkk it
yàqkat buy rajaxe.
17 Ngànnaay lu ñu la mana sàkkal,
du sotti,
te boroom làmmiñ wu la jógal cib layoo
yaa koy tiiñal.
Ñiy jaamu Aji Sax ji, looloo di seen cér,
looloo di àtte bi ma leen di dikke.»
Kàddug Aji Sax jee.

# 55

*Aji Sax ji woote na njéggal*

1 «Éey, yeen ñi mar ñépp,
dikkleen ci ndox mi,
ba ci ku amul xaalis sax!
Dikkleen jënd pepp, lekk!
Dikkleen jënd pepp mu xaalis jëndul,
ak biiñ ak meew mu amul pey.
2 Ana lu ngeen di waññe xaalis,
di ko jënde lu dul aw ñam?
Ana lu ngeen di sonn,
di jënde lu dul reggal?
Dégluleen maa déglu, ba lekk lu leen di
dundal,
di xéewloo seen ngëneelu bakkan.
3 Teewluleen te dikk fi man.
Dégluleen, ba mana dund,
ma fas ak yeen kóllëre gu sax
gi ma ji Daawuda ci ngor gu wóor.

4 Ab seedee ngoog, ñeel xeet yi,
muy njiit, yilif xeet yi.
5 Ma ne, aw xeet woo xamul ngay woowi,
xeet wu la xamul ay dawsi ba ci yaw,
ngir sa Yàlla Aji Sax ji,
Aji Sell ju Israayil,
nde moo la teral.»

6 Wërleen Aji Sax ji ci bi ngeen koy mana gis,
wooleen ko ci bi muy jege.
7 Na ku bon ba jëfinam,
kuy def lu ñaaw fomm mébétam,
te walbatiku ci Aji Sax ji sunu Yàlla,
mu yërëm ko, yaatal njéggalam.
8 «Samay xalaat déy du seeni xalaat,
te samay jëfin du seeni jëfin.»
Kàddug Aji Sax jee.
9 Mu ne: «Ni asamaan tiime suuf,
ni la samay jëfin tiime seeni jëfin,
samay xalaat it tiime ko seeni xalaat.
10 Ab taw ak tawub yuur ay wàcce asamaan,
du fa dellu,
te suuxatul suuf,
saxal ko, meññal ko,
ba kuy ji, mu may la jiwu;
kuy lekk, mu may lam pepp.
11 Sama kàddu giy bawoo sama gémmiñ it, noonu la.
Du délsee ag neen ci man
te deful li ma namm,
ba sottal li ma ko yebal.

12 «Mbégte déy, ngeen di génne,
ñu yóbbu leen ci jàmm,
tund yu mag yeek yu ndaw yi
di leen sarxolleel,
garabi àll bi yépp tàccoondoo.
13 Garab gu dul ruus ay wuutub gajj,
garab gu dëkke naat wuutub taxas,
muy woyu Aji Sax ji,
te di firnde ju sax,
du dog mukk.»

# 56

## *Xeet yépp la Aji Sax jiy ñoñoo*

1 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Sàmmleen yoon, di def dëgg.
Sama wall kat a ngi dikk léegi,
sama àtte laa ne, léegi mu teew.
2 Ndokkalee kuy jëfe lii,
ndokkalee doom aadama ju jàppoo lii,
di sàmm bésub Noflaay,
bañ koo ñàkke worma,
di sàmm loxoom ci jépp jëf ju bon.»
3 Doomu doxandéem bu jokku ci Aji Sax ji,
bumu ne: «Aji Sax jee may beddee beddi ci ñoñam.»
Jaam bu ñu xañ ngóora it bumu ne:
«Man garab gu jaasir doŋŋ laa.»
4 Aji Sax ji kat dafa wax ne:
«Jaam yi ñu xañ ngóora,
su ñu sàmmee sama bési Noflaay,
taamu sama coobare,
tey feddali sama kóllëre,
5 maa leen di may ci sama biir kër, sama biir ëtt,
doj wu ñu leen di fàttalikoo
ak tur wu leen di gënal doom yu góor ak yu jigéen.
Tur wu sax dàkk laay may
jaam yi ñu xañ ngóora,
te du fey mukk*.
6 Doomi doxandéem yi ànd ak Aji Sax ji,
ngir liggéeyal ko,
ngir sopp turu Aji Sax ji,
te di ay jaamam,
muy képp kuy sàmm bésub Noflaay,
baña ñàkke worma bés bi,
xanaa di feddali sama kóllëre,
7 ñooñu, maa leen di yóbbu
sama kaw tund wu sell,
bànneexale leen sama biir kërug ñaan.
Seen saraxu rendi-dóomal ak yeneen sarax,
dees na leen ko nangul sama kaw sarxalukaay;
ndaxte sama kër gi, kërug ñaan lees ko tudde,
ñeel xeetoo xeet.»
8 Kàddug Boroom bi Aji Sax jaa ngii,
kiy dajale giiri Israayil yi tasaaroo,
mu ne: «Maay dajaleeti,
dolli ca la ma dajale woon.»

## *Ab daan ñeel na njiit yi*

9 Yeen rabi àll yi,
dikkleen ci bernde ji,
yeen rabi gott bi yépp.
10 Wattukati Israayil yépp a silmaxa,

* **56.5** Seetal ci *Sarxalkat yi* 21.16-20.

te xamuñu dara.
Ñoom ñépp a diy xaj yu luu,
manuñoo baw,
xanaa tëdd di jeneer,
soppi nelaw.
11 Xaj yu tiit a tiit lañu,
xamuñu suur,
te ñooy sàmm yéey!
Ñoom ñépp, kenn manu cee xam dara,
seen yoonu bopp lañu topp,
ak seen amin wu lewul.
12 Ña nga naa: «Dikkleen, ma indi biiñ,
nu màndeew ñoll tey ak ëllëg,
li fi des du jeex.»

# 57

### *Ab daan ñeel na moykat yi*

1 Aji jub ñaa ngi dee,
te kenn yégalu ko yaramam.
Gor ñaa ngi faatu,
te kenn ràññeewul
ne aji jub ji, faatoom, musiba la koy moyale.
2 Kiy am jàmm ëllëg,
di am noflaay ci biir tëraayam,
mooy kiy wéye njub.

3 Waaye yeen, dikkleen fii,
yeen doomi xërëmkat yi,
yeen askanu njaalookat yiy gànctu,
4 ana ku ngeen di ñaawal?
Ana ku ngeen di ŋóobi,
ak di ko kókkali?
Xanaa dungeen doomi moykat,
di askanu workat,
5 di xabtaloo bànneex
ci ker garab yu mag yi,
ak ker garaboo garab gu naat,
di rendi seeni doom ci yoonu ndox yi,
ak xarantey doj yi?
6 Yaw Israayil, jëlal doj yu rattax yi ci yoonu ndox wi, séddoo,
muy sa cér, nga muurloo!
Ñoom ngay tuural,
di leen defal ay saraxi pepp.
Waaye Aji Sax ji nee:
«Ndax damay jéllale?»
7 Tund wu mag te kawe,
nga fàkk fa tëraay,
yéeg fa, di fa sarxalal.
8 Yaa takk say baaxantal
ci sa lafu bunt ak sa jëni bunt,
yaa ma wacc, di ñorikoo feneen,
yéeg sab lal, yaatal.
Yaa takktook ñii nga soppa tëddal
te safoo di niir seeni cér.
9 Yaa tukki ba ca buur ba, yóbbaaleg diw,
ak cuuraay lu ne gàññ,
yebal say ndaw fu sore,
ba ñu àkki njaniiw.
10 Tukki bu sore bu la sonal sax
taxu la ne: «Fomm naa.»
Bànneex bi ngay séentu ngay leqalikoo,
ba tax sonnuloo.

11 Aji Sax ji nee: «Ana kooy tiit,
ak koo ragal ba di ma wor,
fàttalikootoo ma,
faaleetoo ma?
Damaa noppi lu yàgg daal,
ba tax ragalatoo ma?
12 Defe nga ne yoon nga defee,
waaye dinaa la weer,
te sa jëf du la jariñ.
13 Boo wootee wall,
na la sa gàngooru tuur xettali.
Ñoom ñépp la ngelaw di buub,
callweer yóbbu leen.
Waaye ku ma làqoo,
kookooy moom réew mi,
séddoo sama tund wu sell wi.»

14 Dees na ne: «Maasaleleenoo, maasaleleen,
yaatalleen yoon wi,
te jële luy pakk ci sama yoonu ñoñ.»
15 Ku màgg, Ku kawe ki,
ki màkkaanam sax dàkk
te turam sell, daa wax ne:
«Fu kawe te sell laa màkkaanoo,
maa dëkk ak boroom xol bu mokk te toroxlu,
ngir leqali ku toroxlu,
leqali boroom xol bu mokk.
16 Duma wéye di sikke ba fàww,
duma saxoo di mer,
lu ko moy képp ku ma sàkk
day tàggook bakkanam.
17 Ñaawtéefi Israayil ak alalam ju lewul moo ma merloo,
ma duma ko, xañ ko sama kanam,
waaye mu të ticc, topp xolam.
18 Xam naa jikkoom,
waaye maa koy faj,

wommat ko,
dëfale koy xéewal,
mook ñiy ñaawloondook moom.
19 Maay teg ci seen làmmiñ kàddug cant.
Jàmm, na jàmm ñeel ñépp,
ku soreek ku jege.»
Kàddug Aji Sax jee.
Mu ne: «Maa leen di faj.»
20 Waaye ñu bon ñi, mbete géej
gu sàmbaraax, tëë dal,
gannax yay baaje ban ak suuf.
21 Sama Yàlla nee:
«Jàmm du ñeel ñu bon ñi.»

# 58

*Jaamu Yàlla, tuub, rafet jikkoo ci gën*

1 Aji Sax ji nee: «Xaacul loo man,
te bul ñéeblu;
àddul ni bufta,
te yégal sama ñoñ seen bàkkaar,
ngir waa kër Yanqóoba yii xam seeni moy.
2 Man mii lañuy wuta déggal bés bu ne,
di wuta xam sama coobare!
Mbete askan wuy doxe yoon,
te waccul ndigalu yoonu Yàllaam.
Ñu ngi may ñaan àtteb dëgg,
bëgg man Yàlla, ma jege leen,
3 te naa: “Ana lu nuy woor te ñoru la?
Lu nuy toroxlu te teewluwoo?”
Ma ne: Bés bu ngeen woor,
yeena ngi topp seen bakkan,
di sëqatal seeni liggéeykat.
4 Xanaa du koor gu ànd ak xulook ŋaayoo,
ak di joqalantey këmëx yu metti?
Su ngeen bëggee seen ñaan àgg fa kaw,
dungeen woor ni ngeen woore tey.
5 Ndax lii moo di koor gi ma taamu,
ci bés bu nit kiy toroxlu?
Koorug dëngal loos ni barax,
lal saaku, sotti cib dóomu-taal,
tëdd ci, di ko ñaawloo?
Ndax loolooy seen koor,
ci bés bu Aji Sax ji rafetlu?

6 «Xanaa du lii moo di koor gi ma taamu:
yolomal jéng yu metti,
fecci buumi nooteel,
afal ku diis;
dog lépp luy xeetu nooteel?
7 Xanaa du sédd ku xiif saw ñam,
fat néew-ji-doole ju amul fu mu dëkk,
gis ku rafle, wodd ko,
te baña nëbbu mbokk mu soxla?
8 Su boobaa seen leer feq ni njël,
seen góom gaawa wér,
seen jëf yu jub gindi leen ci kanam,
leeru Aji Sax ji féete leen gannaaw.
9 Su boobaa bu ngeen woowee Aji Sax ji,
mu wuyu;
ngeen ne wallóoy, mu ne: “Maa ngii.”
Ndegam génne ngeen nooteel ci seen biir,
ak di joxoñeeka wax lu ñaaw,
10 di leel ku xiif lu ngeen gëna bëgg,
di reggal néew-ji-doole,
su boobaa seen leer fenke biir lëndëm,
seenug këruus di ag njolloor,
11 Aji Sax ji di leen jiite fu ngeen tollu,
di leen màndale joor gu maral,
dëgëral seeni cér,
ngeen mel ni tool bu ñu suuxat,
mel ni bëtu ndox bu dul ŋiis,
12 seeni nit tabaxaat gent ya woon,
ngeen yékkatiwaat fondmaa yu yàgga yàgg.
Dees na la woowe jagalkatu xar-xar yi,
mbaa kiy yeesal xàll yi, ngir dëkke réew mi.

13 «Su ngeen téyee seen tànk bésub Noflaay,
baña def li leen neex sama bés bu sell;
su bésub Noflaay di seen nammeel,
di bésub Aji Sax bu sell bu ngeen teral;
ngeen teral bés bi,
bañ cee topp li ngeen jikkowoo,
di topp seen bakkan
ak wax ju dul jeex;
14 su boobaa ngeen bànneexoo Aji Sax ji,
ma waral leen kawtey réew mi,
leele leen seen céru maam Yanqóoba.»
Aji Sax ji déy wax na ko.

# 59

*Bàkkaar ñag na diggante Yàllaak ñoñam*

1 Ma ne, Aji Sax ji gàttul loxo ba tëlee
walloo,
noppam naqariwul ba tere koo dégg.
2 Seeni ñaawtéef a dox seen digganteek
seen Yàlla.
Seeni moy a leen xañ kanamam,
ba mu tanqamlu leen.
3 Seeni loxoo taq deret,
ngeen ne ripp ci ñaawtéef,
làmmiñ di fen, di sos njekkar.
4 Du dëgg gu kenn wut cib àtte,

du dëgg gu kenn sàkku cib layoo.
Ñu ngi yaakaar caaxaan, di fen,
di sos ayib, di wasin ñaawtéef.
5 Nenu ñàngóor lañuy tostan,
di ràbb lëndu jargoñ.
Ku lekk ci nen yi dee,
te boo ci tojeeb nen,
saamaan fëlle ca.
6 Seeni lënd du ràbbe ba solal nit,
mbaa di sàng kenn;
seenum ràbb ñaawtéef lay jur,
seen loxo ya ko liggéey sabab fitna,
7 seeni tànk daw wuti lu bon,
ñuy yàkkamtee tuur deretu jàmbur;
seeni xalaat di ñaawtéef,
yàquteek njaaxum féete ca seeni yoon.
8 Yoonu jàmm, xamuñu ko,
te yoon amul fa ñuy jaare,
xanaa sàkk seen yoon yu lunk
te ku fa awe doo daj jàmm.

9 Lee tax yoon sore nu,
te dëgg du nu dab.
Danuy yaakaar leer,
lëndëm ne jaas,
nuy séentuy ceeñeer,
tey lëndëmtuy wéy.
10 Nu ngi làmbatu ci biir tabax ni silmaxa,
di tëñëx-tëñëxi ni ku amuli gët,
di fakkastalu bëccëg ndarakàmm ni bu
doon guddi,
di dëkk ak ñu wér péŋŋ te mel ni ña dee.
11 Nun ñépp a ngi xiiru ni rab wu aay,
binnee binni niy xati,
yaakaar yoon, yoon wuute,
séentu wall, wall sore.
12 Sunuy tooñ a bare fi sa kanam,
sunuy moy a nu seedeel,
sunuy tooñ a nu topp,
te xam nanu xéll sunuy ñaawtéef.
13 Noo tooñ Aji Sax ji, wor ko,
te noo dëddoo sunu Yàlla jii,
kàdduy fitna ak fippu,
ak fen yu nu mébét, nas ko,
14 ba yoon dellu gannaaw,
àtteb yoon dànd,
dëgg fakkastaloo fa pénc ma,
njub tëë agsi.
15 Dëgg a tumurànke,
ku dëddu mbon sax, ñu ñori la,
Aji Sax ji gis ci, ñaawlu ko,
ndax yoon a amul.
16 Daa xool, gisul kenn;
mu tiisoo li ci kenn jógul,
moo tax loxoom may ko ndam,
ci àtteem la sukkandikoo.
17 Moo sol kiiraayal njub,
mbaxanawoo mucc,
solati yérey mbugale,
sàngoo malaanum xéraange.
18 Mooy delloo ku ne yool ba mu yelloo,
mbugal ay bañam, fey ay noonam,
ba delloo waa dun ya yool ba ñu yelloo.
19 Dees na ragale turu Aji Sax ji fa sowu,
ragale màggaayam ba penku.
Bu noon bi agsee ni walum dex,
ngelawal Aji Sax jee koy wal, mu daw.
20 «Ab jotkat ay dikkal Siyoŋ,
ba jot ñi tuub seeni bàkkaar ci askanu
Yanqóoba.»
Kàddug Aji Sax jee.
21 «Man nag, lii mooy sama kóllëreek ñoom:
sama xel mi tegu fi sa kaw,
ak sama kàddu yi ma yeb ci sa gémmiñ,
lenn du ci teqalikook sa gémmiñ
ak sa gémmiñu askan,
ak sa gémmiñu askanu askan, tey ak ëllëg.»
Aji Sax jee ko wax.

# 60

## *Leer dina fenkal Yerusalem*

1 «Yerusalem, jógal ne ràññ, sag leer feq na;
leeru màggaayu Aji Sax ji fenkal na la!
2 Lëndëm gaa ngii di muur àddina,
mu ngi guddil askan yi,
te yaw, Aji Sax ji fenkal la,
leeru màggaayam feqal la.
3 Ay xeet ay fekksi sag leer,
ay buur wutsi sa ceeñeeru njël.

4 «Séentul fi la wër ba gis:
ñoom ñépp a daje, di la fekksi,
sa doom yu góor a dikke fu sore,
te sa doom yu jigéen it
dees leena fab, indaale.
5 Yaa koy gis, sa kanam ne ràññ,
fit tëf-tëfi, xol fees dell,
ndax dees na walbati xéewali géej, indil la,
alali xeet yi dikkal la.
6 Ndiiraanu giléem a lay fees
ak njëggi Majan ak Efa,

ñoom ñépp sëfe Seba.
Dees na indi wurus ak cuuraay
tey kañaale Aji Sax ji.
7 Gétti Kedar yépp a lay dajesil,
kuuyi Nebayot di la jariñ,
te di sarax yu dajeek ngërëm
ci kaw sarxalukaayu Aji Sax ji,
ma di ko darajaale sama teraangay kër.

8 «Ana ñuy ñii di naaw niy niir,
nirook ndiiraanu pitax yu jëm seeni tàgg?
9 Waa dun ya déy a nga may séentu,
gaali Tarsis yu mag yaa nga jiitu,
jële fu sore sa doom yu góor ya,
indaale seen xaalis ak seen wurus,
ngir sa Yàlla Aji Sax ji,
Aji Sell ju Israayil ji la teral.

10 Ay doomi doxandéem ay tabaxaat say tata,
seeni buur di la surgawu.
Maa meroon, duma la,
maa la baaxe, yërëm la.
11 Say bunt ay ubbiku saa su ne,
guddeek bëccëg, du tëje,
xanaa di la jàlleel alali xeet yi,
seeni buur riixle ànd ca.
12 Mu diw xeet, dim réew,
ku la ci nangulul sànku.
Xeet yooyu yépp ay yàqu yaxeet.

13 «Taaru àllub Libaŋ a lay ñibbisil,
garabu sippar, pẽe ak geneen gu dëkke naat,
taaralsi sama kër gu sell gi,
ba ma terale ci sama ndëggastalu tànk.
14 Ña la daa néewal,
seeni doom a lay sukkalsi.
Ña la daa ñàkke worma,
mujj di fóon say tànk.
Dees na la woowe "Dëkkub Aji Sax ji",
mbaa "Siyoŋ, màkkaanu Aji Sell ju Israayil."

15 «Dees laa foñ, jéppi la,
ba kenn jaareetu fi.
Waaye maay def ñu di la sagoo ba fàww,
di la bége sët ba sëtaat.
16 Yaay naan soowum xeet yi,
nàmp weenu buur yi,
ba xam ne maay Aji Sax ji lay wallu,
maay jàmbaaru Yanqóoba ji lay jot.
17 Maay wuutale xànjar, wurus;
wuutale weñ gu ñuul, xaalis;
bant, xànjar;
doj, weñ gu ñuul.
Jàmm laay def mu jiite la,
njub yilif la.
18 Deesatul dégg ci sam réew:
"Fitna ñëw na!"
deesatul dégg it fi sa kemu suuf:
"Yàqute ak Yàqulee ngii!"
"Mucc" ngay tudde say tata,
te "Cant" ngay tudde sa bunti dëkk.
19 Du jant a lay leeralati bëccëg,
te weer du la niital;
Aji Sax jeey doon sag leer ba fàww,
sa Yàlla jooju di sab taar.
20 Sab jant du sooti,
sa weer du suuxati.
Aji Sax jeey doon sag leer ba fàww,
sa fani ñaawlu jeex.
21 Sa askan wépp ñu jub lañuy doon,
te ñooy moom réew mi ba fàww.
Ñooy sama njëmbat li ma jëmbatal sama bopp,
sàkke leen samay loxo, ngir sama teddaay teew.
22 Ki ci gëna tuut ay meññ junni,
ki ci gëna néew jur xeet wu mag.
Man Aji Sax ji, bu lii jotee,
ma gaaw koo sottal.»

# 61

*Ki Boroom bi fal dikk na*

1 Noowug Boroom bi Aji Sax jaa ngi fi sama kaw,
ndax Aji Sax jee ma diw*, fal ma
ngir ma yégal néew-doole yi xibaaru jàmm.
Moo ma yebal ngir ma dëfal ñi seen xol jeex,
yégal jaam yi seen goreel,
yégal ñi ñu tëj seen ubbite.
2 Moo ma yónni ngir ma yéene atum yiwu Aji Sax ji,
ak at mu sunu Yàlla di mbugalee.
Moo ma yónni ngir dëfal ñiy ñaawlu ñépp,
3 ngir indil waa Siyoŋ ñiy ñaawlu
ab kaala gu wuutu dóomu-taal,

* **61.1** Baat bi ñu tekkee «diw», ci la baatub *Almasi jóge. Ab sarxalkat mbaa buur lañu daan diw, fale leen ko bala ñoo door seen liggéey.*

ak diwu mbégte mu ñu weccikoo seenu
tiis,
ak mbubbam cant mu ñu weccikoo xol bu
jeex,
ba ñu naa: «Ñii ñoo di ponkali garabi
njubte yi,
njëmbat li Aji Sax ji jëmbat,
ngir teewal màggaayam.»
4 Ñooy tabaxaat gent ya woon,
yékkati béreb ya tasoon bu yàgg,
dekkal dëkk yu tas,
béreb yu gental ay maasi maas.
5 Ay gan ay dikk,
di leen sàmmal seeni gétt,
ay doomi doxandéem di leen beyali tool
ak tóokëri reseñ.
6 Yeen nag lees di woowe:
«Sarxalkati Aji Sax ji,»
ñu naa: «Sunu jawriñi Yàlla yaa ngii!»
Alali xeet yi, yeena koy lekk,
di damoo seeni koom.
7 Sama ñoñ ay weccikoo seen gàcce
ñaari céri teraanga,
sarxolley mbég di seen cér,
wuutu toroxte.
Ñaari cér lañuy am ca seenum réew,
mbégte mu sax ñeel leen.
8 Man Aji Sax ji, damaa sopp yoon,
bañ càcc ak ñaawtéef.
Maay dàmp sama ñoñ ni mu ware,
fas ak ñoom kóllëre gu sax.
9 Dees na xàmmee seen askan fi biir xeet yi,
xàmmee lu meññe ci ñoom fi biir waaso yi;
képp ku leen gis ràññee ne
ñooy askan wu Aji Sax ji barkeel.

### *Almasi bi bége na mucc gi mu maye*

10 Maa bég a bég ci Aji Sax ji,
sama xol di sedd ci sama Yàlla jii.
Moo ma solal yérey mucc,
sànge ma mbubbam ndam,
may nirook boroom séet
bu kaalawu ni sarxalkat,
ne xenjaw ni séet bu takki gànjaram.
11 Ni suuf di fettalem njebbit,
ab tool di ko saxalem jiwu,
ni la Boroom bi Aji Sax ji di jebbile
dëgg ak cant,
xeetoo xeet seede ko.

# 62

### *Yerusalem mooy siggi, mucc*

1 Siyoŋ a tax duma selaw,
moom Yerusalem mi tax duma noppi,
ba kera àtte dëggam leer ni ceeñeeru njël,
muccam dikkal ko ni jum bu ne ràññ.
2 Su boobaa xeet yi gis sag njub,
buur yépp gis sa daraja,
ba ñu di la tudde tur wu yees
wu Aji Sax ji di tuddal boppam.
3 Yaay doon kaalag teraanga
ci loxol Aji Sax ji,
yaay doon mbaxanam buur,
ci sa biir loxol Yàlla jii.

4 Deesatu la woowe «Dëkk bi ñu wacc,»
deesatul woowe sam réew «Réew mu
gental.»
Xanaa ñu woowe la «Dëkk bi ma neex,»
tey woowe sam réew «Boroom jëkkër,»
ndax yaa neex Aji Sax ji,
te sa réew mi dina am boroom kër.
5 Ni xale bu góor di takke ab janq,
ni la la sa doom yu góor di moome ni
jëkkër*;
ni boroom séet di bégee ab séetam,
ni la la sa Yàlla di bégee.

6 Yerusalem, tabb naa ay wattukat
ci sa kawi tata.
Buñu selaw, du guddi du bëccëg!
Yeen ñiy soññ Aji Sax ji,
buleen dallu.
7 Buleen may Aji Sax ji fu mu dalloo,
ba kera muy taxawalaat Yerusalem,
ba def ko sababu cant fi kaw suuf.

8 Aji Sax jee giñ lii ci ndijooram,
giñ ko ci përëgam bi àttan,
ne: «Dootuma joxe sam pepp,
say noon dunde,
te doomi doxandéem dootuñu naan
sa biiñ bu bees
bi nga ame saw ñaq.
9 Ñi góob pepp mee koy lekk,
di ko sante Aji Sax ji.
Ñi witt reseñ jeey naan biiñ bi
fi sama biir ëtt bu sell.»
10 Jàllsileen, jàllsileen bunti dëkk bi,
nangeen xàll yoonu xeet wi;

* **62.5 *doom yu góor*** yi ñooy waa Yuda, te ñooy moom seen réew.

maasaleleenoo, maasaleleen ngér mi,
dindi doj yi!
Yékkatileen raaya ju askan yépp gis.
11 Aji Sax jaa ngoog,
yéene na lii ba ca cati àddina,
mu ne: «Waxleen Siyoŋ dëkk bu taaru bi, ne ko:
“Sab jotkat a ngii di dikk!
Mu ngii ànd akub yoolam,
ñaqu liggéeyam jiitu ko.”
12 Dees na leen woowe “Askan wu sell wi,”
“Ñi Aji Sax ji jot;”
te yaw Yerusalem dees na la woowe “Ki ñu namm,”
“Dëkk bi ñu waccul.”»

# 63

## *Aji Sax ji am na ndam*

1 Ana kuy kii bawoo Edom*,
sol yére yu xonq, bawoo Boccara†?
Kii ak yéreem yu yànj,
di daagoo dooleem ju bare?
Aji Sax ji nee: «Xanaa man mii di waxe dëgg,
te am dooley walloo.»
2 Lu waral sa xonqaayu mbubb mi,
sa yére yi mel ni ku doon dëre dërukaayu reseñ?
3 «Maa doon dëre tànk, man kenn ci ab dërukaayu reseñ,
xeet yépp kenn dërlewu ma ci.
Sama mer laa leen dëre,
sama sànj laa leen dëggaatee,
seen deret tis ci samay yére,
ma taqal sama yére yépp.
4 Bésub feyul samay ñoñ laa mébétoon,
atum tekki jéng yi jot.
5 Ma xool,
gisuma ku ma dimbali,
ma tiislu li ma amul ku ma jàppale.
Ca la ma sama përëg wallu,
sama sànj jàppale ma ca.
6 Sama mer laa dëggaatee ay xeet,
sama sànj laa leen màndal,
sotti seen deret fi suuf.»

## *Yonent baa ngi soññ Aji Sax ji*

7 Jëfi ngorug Aji Sax ji laay fàttalee
ak cant gi Aji Sax ji yelloo,
ngir li nu Aji Sax ji defal lépp;
mbaax gu réy gi mu ji waa kër Israayil,
defal leen ko ci yërmandeem,
ak jëfi ngoram gu réy.
8 Moo noon: «Ñoom déy ñooy sama ñoñ!
Ñee di doom yu dul tas yaakaar.»
Mu daldi doon seen jotkat.
9 Seen gépp njàqare di njàqarey boppam,
malaaka mi mu jàkkaarlool musal leen ca.
Moo leen sopp, ñeewante leen,
ba jotal leen boppam,
te fu ñu masa jaare démb,
mu fab leen, boot.
10 Waaye ñoom ñoo fippu,
di naqaral xelam mu sell mi,
mu soppaliku seen noon,
ba mujj di xareek ñoom.
11 Ñoñam ña daldi fàttaliku janti Musaa ya woon.
Ana ki jàlle woon Israayil géej,
mook sàmmi géttam ga?
Ana ki yebaloon noowam gu sell ci seen biir?
12 Ana ki dawaloon dooley përëgam bu tedd ba,
ñeel ndijooru Musaa,
xaral leen ndox ma,
ba ame ca woy wu sax dàkk?
13 Ana ku leen doxloo woon biir xóote ya,
ñu mel ni fasi naaru-góor ci biir màndiŋ,
te tërëfuñu?
14 Ni jur gu wàccew xur, di fa fore,
ni la leen noowug Aji Sax ji maye ab dalluwaay.
Noonu nga wommate sa ñoñ,
ba ame ca woy wu rafet.

## *Ñoñ ñi ñoo ngi ñaan*

15 Yaw Yàlla, ngalla séentool asamaan,
te xoole fa sa kër gu sell ga ne ràññ.
Ana sa fiiraangeek sa njàmbaar?
Sag rafet xol ak sa yërmande ñooru na nu!
16 Yaw déy yaa di sunu baay.
Ibraayma xamalu nu dara,
Israayil‡ xamu nu.
Yaw Aji Sax ji yaa di sunu baay,
sa tur a di sunu Jotkat naka jekk.
17 Aji Sax ji, loo nuy wërloo fu sore say yoon,

* **63.1** ***Edom*** mi doon seexu Yanqóoba, moom lañu dippee réewum Edom, te moo taxawe taxawaayu noonub Aji Sax ji. † **63.1** ***Boccara,*** ab dëkk la ci réewum Edom. ‡ **63.16** ***Israayil*** fii mooy maam Yanqóoba.

di nu dërkiisal, ba ragalatunu la?
Sang bi, délsil ngir nun,
sa giir yii nga séddoo.
18 Nun sa xeet wu sell wii,
moomunu réew mi lu yàgg,
te noon yi dëggaate nañu sa kër gu sell.
19 Nu ngi mel ni xeet woo masula yilif,
xeet wu ñu masula tudde sa tur.
Éy soo xaroon asamaan, wàcc,
ba tund yi yëngu fi sa kanam!

# 64

1 Ni sawara di jafale boob,
baxale ko am ndox,
ni ngay xamalsee say noon saw tur,
ba yooyu xeet di lox fi sa kanam.
2 Ba ngay def kiraama ya ñu séentuwuloon,
yaa wàcc, tund yi yëngu fi sa kanam.
3 Ca cosaan ba tey maseesula dégg,
nopp masula dégmati,
bët masula gis yàlla ju la moy,
mu defal nii ku ko yaakaar.
4 Yaay gatandu kiy bége njekk gi muy jëfe
te di ba xel say yoon
yi ñu mas di jaare, ba mucc.
Waaye kat, yaa nu mere, ndax noo bàkkaar.
5 Nun ñépp a mujj mel ni sobe,
ni sagaru sobe la sunu gépp njekk mel.
Nu ngii nun ñépp mel ni xob wu lax,
sunuy tooñ buub nu, yóbbu ni ngelaw.
6 Du kenn kuy wormaal sa tur,
mbaa mu yewwu ba jàpp ci yaw,
yaa nu làq saw yiw,
yaa nu def ban bu tooy
ci sunu biir ñaawtéef yi nu tanc.

7 Waaye déy, Aji Sax ji, yaa di sunu baay;
noo di ban, yaw ngay tabaxkatu njaq,
nun ñépp di sa liggéeyu loxo.
8 Éy Aji Sax ji, bul mer lool,
bul bàyyi xel fàww ci ñaawtéef.
Ngalla seetal ne nooy sa ñoñ, nun ñépp.
9 Say dëkk yu sell doon nañu màndiŋ,
Siyoŋ ca la, doon na màndiŋ.
Yerusalem laa ne, gental na!
10 Sunu kërug jaamookaay gu sell ga te
tedd,
fa la sunuy maam daa màggale,
sawara xoyom na ko,
mboolem lu nu soppoon yàqu yaxeet.
11 Éy Aji Sax ji, lii lépp xanaa doo ci téye sa
loxo?
Xanaa doo ci seleŋlu, teg nu gàcce gu réy?

# 65

*Aji Sax ji wuyu na*

1 «Maa may ay nit tont te laajuñu ma.
Ñi ma seetul woon, maa leen may ñu gis
ma.
Maa ne leen, maa ngii, maa ngi nii!
te ñuy xeet wu dul tudd sama tur.
2 Samay loxo laa yendoo tàllal askanu
fippukat,
nit ñuy doxe yoon wu baaxul,
topp seen xelum bopp.
3 Ñoo di xeet wu ma ne jàkk,
dëkke maa naqaral,
di sarxalali tuur ci biiri tool,
di leen taalal cuuraay ci kaw sarxalukaay
bu ñu tabax,
4 di tooge diggi bàmmeel,
di fanaan béreb yu làqu;
di lekk yàppu mbaam,
seeni cin def ñam yu sobewu,
5 te ñu naan: “Dellul gannaaw,
bul ma jege, maa la gëna sell!”
Lii déy daa mel ni saxaar ci samay
wakkan,
mel ni sawara su yendoo boy.

6 «Ma ne dogal a ngii binde, fi sama kanam:
Duma noppi déy, maa leen di fey,
maa leen di fey ba mu mat sëkk.»
7 Aji Sax ji nee: «Muy seeni ñaawtéef,
di seen ñaawtéefi maam
ya daan taalali tuur cuuraay ca tund yu
mag ya,
di ma kókkali ca kaw tund yu ndaw ya,
lépp laa leen di fey ba mu mat sëkk,
muy seen añu jëf ja woon.»

8 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Ni nit di gise cabbu reseñ ju fees dell,
ne: “Buleen ko yàq,
ngëneel a ngi ci,”
noonu laay def ngir sama jaam ñi,
baña boole lépp yàq.
9 Fi Yanqóoba laay soqee aw askan,
fi Yuda laa ne, fi laay jële lu séddoo samay
tund.
Samay tànnéef a koy séddoo,

sama jaam ñi kay a fay dëkke.
10 Joorug Saron ay dellu di parlub gàtt gi,
xuru Akor di goorukaayu nag yi,
ñeel sama ñoñ ñi may jaamu.

11 «Waaye yeen ñi wacc Aji Sax ji,
yeen ñi fàtte sama tund wu sell wi,
di taajal ndab Gàdd tuur mi*,
di xellil biiñu njafaan Meni tuur mi†;
12 maa leen di dogalal saamar,
ngeen bokk sukk, ñu rendi leen,
ngir maa woote, wuyuwuleen,
ma wax, dégguleen,
xanaa di def li ma ñaawlu,
tànn li ma bëggul.»

13 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
«Ma ne sama jaam ñeey lekk,
yeen ngeen nekke xiif.
Ma ne sama jaam ñeey naan,
yeen ngeen nekke mar.
Sama jaam ñeey bànneexuji,
yeen, ngeen nekke gàcce.
14 Sama jaam ñeey sarxolleji
ndax xol bu neex,
yeen, ngeen di yuuxu ndax naqaru xol,
di jooyoo ndax xol bu jeex.
15 Seen tur wi ngeen bàyyi gannaaw
la samay tànnéef di móoloo,
naan: “Yal na la Boroom bi Aji Sax ji rey ni
diw ak diw,”
waaye ñoom sama jaam ñi,
tur wu yees lees leen di woowe,
16 ba képp ku namma barkeel fi kaw suuf,
ci Yàlla ji wax “Na-amee-nii” la koy ñaane,
te kuy giñ fi kaw suuf it,
ci Yàlla ji wax “Na-amee-nii” la koy giñe.
Day fekk njàqare ya jiitu di lu ñu fàtte,
te di lu làqu saay gët.

## *Aji Sax ji yeesal na càkkéefam*

17 «Maa ngii di sàkksi asamaan su yees
ak suuf su yees.
Deesul fàttalikooti yëf ya jiitu,
xel dootu ci dem.
18 Bégleen kay,
te saxoo di bànneexoo li ma sàkk:
maa ngii di sàkk Yerusalemu mbégte,
waa dëkk ba nekke bànneex.
19 Maay bége Yerusalem,
bànneexoo sama ñoñ.
Deesu fi déggati ay jooy,
mbaa coowal njàqare.
20 Deesu fi gisati
tuut-tànk bu dund fan yu néew,
mbaa mag mu dee te ay fanam matul,
ba ku am téeméeri at dee sax, di ku gàtt
fan,
te ku àggul téeméer, ñu ne alku nga.

21 «Ñooy tabax ay kër, dëkke,
jëmbati tóokër, lekk ca meññeef ma.
22 Duñu tabax moos, keneen dëkke;
duñu jëmbat moos, keneen xéewloo.
Sama ñoñ ay tollook garab yi fan,
sama xejj yeey jagoo seenu ñaq.
23 Duñu liggéeyati mukk ci neen
te dootuñu jur luy sànku.
Ñooñooy askanu ñi Aji Sax ji barkeel,
seeni doom nekk ak ñoom.
24 Su boobaa balaa ñoo woote,
man, maay wuyu;
balaa ñoo daane seen kàddu, ma nangul
leen.
25 Bukki ak mboteey bokk di for,
gaynde niw nag, di forum ñax,
jaan di dunde pënd.
Deesatul gaañe mbaa di lore,
fi mboolem sama kaw tund wu sell wi.»
Aji Sax jee ko wax.

# 66

## *Ragal Yàlla du jëfi ngistal*

1 Aji Sax ji dafa wax ne: «Asamaan sama
ngàngunee,
suuf di sama ndëggastal.
Ana kër gu ngeen may tabaxal, man?
Ana ban béreb ay sama dalluwaay?
2 Mboolem yooyu, sama loxoo ko sàkk;
nii la lépp ame.» Kàddug Aji Sax jee.
«Ku mel nii laay niir:
néew-ji-doole ji xolam jeex,
te muy déglu sama kàddu bay lox.
3 Kee moom mu ngi rendiw yëkk, sarxal,
te teewu koo bóome.
Kee rendiw xar, sarxal,
te teewu koo damm loosu xaj, sarxal.
Kee ngi joxe saraxu pepp,
te teewu koo tuur deretu mbaam-xuux.

* 65.11 ***Gàdd*** mooy tuur mi ñu jiiñ wërsëg. † 65.11 ***Meni*** mooy tuur mi ñu jiiñ ndogal.

Kee di taal saraxu baaxantalu cuuraay,
tey jaamu ay tuur.
Ñoo tànn seen yoonu bopp,
safoo seeni jëf ju seexluwu.
4 Man it maa leen di tànnal seeni mbugal,
dikke leen tiitaange yi ñu yelloo,
ngir maa woote, kenn wuyuwul,
ma àddu, dégluwuñu ma.
Xanaa di def lu bon lu ma ñaawlu,
li ma bëggul, ñu tànn ko.»

## *Aji Sax ji mujj na dikk*

5 Dégluleen kàddug Aji Sax ji,
yeen ñiy déglu kàddoom, di lox:
«Lii de mooy seen kàddug bokk yi leen
jéppi,
di leen dàq ngir samaw tur.
Ñu ngi naan: “Na Aji Sax ji darajaal
boppam,
ba nu teewe seen mbégte, yeen ñii!”
Waaye ñoom de ñooy rus.
6 Coowal xaree ngoog bawoo dëkk ba,
coow laa nga jóge kërug Yàlla ga,
coowal Aji Sax jee, mooy yool ay noonam.

7 «Kii balaa matu, wasin na,
bala moo am mititu mat, jur na doom ju
góor.
8 Ku masa dégg lu mel nii?
Ku masa gis lu mel nii?
Ndax am réew dina sosu ci benn bés?
Am aw xeet dina jekki sosu ci wenn fan?
Siyoŋ de, moo tàmbali matu rekk,
jur doomam yu góor.»
9 Aji Sax ji nee: «Man miy jàppale jigéen
ba ëmbam mat,
dinaa ko xañ wasin?
Man miy wasinloo nit,
ndax dinaa fatt njurukaayam?»
Sa Yàllaa ko wax.

10 «Yeen soppey Yerusalem yépp,
bégandooleen ak moom,
te di ko bànneexoo.
Mboolem yeen ñi doon ñaawlu tiisu
Yerusalem,
bokkleen ak moom xolam bu sedd.
11 Su ko defee ngeen nàmp ba suur
weenam wiy naxtaane,
su ko defee ngeen nàmp bay tàqamtiku
soowum weenam mi ne xéew.»
12 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Maa ngii di yóbbu Yerusalem
ci jàmm ju mel ni géej,
ak waamey koom muy wal, bawoo ci xeet
yi.
Yeenay tooge luppu Yerusalem, di nàmp,
uufu ciy óom, mu di leen raay.
13 Man maa leen di naxtaan ba ngeen dal,
ni doom ju ndeyam di naxtaan ba mu dal,
ngeen am xel mu dal fi Yerusalem.»

14 Yeenay teewe lii, seen xol tooy,
seen yaram leqaliku ni ñax mu yég nawet.
Dooley Aji Sax ji la ay jaamam di xam,
te am sànjam la ay noonam di xam.
15 Aji Sax ji déy a ngii dikke sawara,
ay watiiram mel ni ngëlén,
mu nara sànju, sotti meram,
gëdde sawara wuy sël-sëli.
16 Sawara déy la Aji Sax ji di mbugale,
saamaram ba dal mboolem doom
aadama,
ñi Aji Sax ji bóom ne xas.

17 «Ñii di sellalu aka sangu-set
bala ñoo duggi tool ya ñuy tuuroo,
di fa toppi ca gannaaw ka ca digg ba,
ñooñooy lekk yàppu mbaam,
ak yeneen yu seexluwu ni janax,
te ñooy bokk sànku.»
Kàddug Aji Sax jee.
18 «Man maa xam seeni jëf ak seeni xalaat.
Bés bii taxaw lees di dajale xeetoo xeet aki
làkk,
ñu dikk ba niir samag leer.
19 Maay teg firnde fi seen digg,
ba jël ñenn ca ña dese bakkan ca ñoom,
yebal leen ci xeet yi,
yebal leen Tarsis ak Pul ak Ludd,
ñooña di ñu mane fitt,
ma yebal leen ca waa Tubal ak Yawaan,
waa duni géej yu sore ya,
ñooñu masula dégg sama jaloore,
te masuñoo gis sama màggaay,
sama ndaw ñaa leen di xamal sama
màggaay.
20 Xeet yooyooy indi seen bokk
yi bokk ak yeen ñépp,
jële leen ci mboolem xeet yi,
ñu doon sarax bu ñeel Aji Sax ji,
wari fas aki watiir,

ba ci watiir yu ñu mbaar,
aki berkelleeki giléem,
ba agsi sama tund wu sell
wi ci Yerusalem.»
Aji Sax jee ko wax.
«Day mel ni noonu bànni Israayil di yóbboo sarax,
yeb ko ci ndab lu sell,
yóbbu kër Aji Sax ji.
21 Te ñenn ci yooyu xeet, maa leen di jël,
def leen ay sarxalkat aki Leween.»
Aji Sax jee ko wax.
22 «Asamaan su yees sii
ak suuf su yees sii may waaja sàkk déy,
ni seen taxawaay di yàgge fi sama kanam,
yeen, ni la seen askan ak seen tur di yàgge fi sama kanam.»
Aji Sax jee ko wax.
23 «Su ko defee Terutel weer ba Terutel weer,
bésub Noflaay ba bésub Noflaay,
mboolem doom aadama di ma sujjóotalsi.»
Aji Sax jee ko wax.
24 «Te bu ñu génnee, gis néewi
ñi doon fippu fi sama kaw,
saxi néew yi duñu seey mukk,
seen sawara du fey mukk,
te ñépp ñu leen gis, seen yaram daw.»

# Téereb Yonent Yàlla Yeremi

Yonent Yàlla Yeremi doon na waaraate ci Yuda lu mat ñeent fukki at, balaa gàngooru Babilon yóbbu waa réew ma cig njaam. Lii moo xewoon téeméeri at gannaaw waa Asiri di yóbbu ngàllo fukki giiri Israayil yi nekkoon ci bëj-gànnaaru Yuda. Bi Asiri daanoo, nguuru Misra gi nekkoon ci bëj-saalum ak nguuru Babilon gi nekkoon ci bëj-gànnaar ñoo séqoon Yuda, bëggoon koo noot.

Xibaar bi ëpp solo ci kàdduy waxyu yi Yeremi doon jottali dafa wax ne: mucc ci yarub Aji Sax ji wees na. Li fi sës mooy ñu dëddu seeni bàkkaar. Ñi koy déglu nag dañoo sofental ay artoom, ba mujj ko jàpp, jéng ko, ba nara jël bakkanam. Teewul Yàlla déey na Yeremi kàdduy waxyu yii ne: bu àppu mbugal mi matee, moo leen di delloosil jàmm ci seen réew.

Ci tënk: Saar yi toppantewuñu ni xew-xew yi ame woon:

1.1—25.38 Kàdduy waxyu dal na ci Yuda.
26.1—42.22 Waxyu indi na lu jëm ci mujug Yuda.
43.1—45.5 Yeremi jottali na ay kàdduy waxyu yu dal ci kaw Misra.
46.1—51.64 Kàdduy waxyu dal na ci kaw yeneen xeeti àddina.
52.1-34 Lu jëm ci xew-xew yi téere bi tëje.

*Ubbite gi*

1 Muy kàddug Yeremi, góor gi baayam Ilkiya bokk ci sarxalkat yi dëkk Anatot ca diiwaanu Beñamin.
2 Kàddug Aji Sax ji dikkal ko ci jamonoy buuru réewum Yuda, Yosya doomu Amon. Mu yemook fukkeelu atu nguuram ak ñett.
3 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ko ba tey ci janti buurub Yuda, Yoyakim doomu Yosya, di ko dikkal, ba keroog nguurug Cedesyas di jeex, jeneen doomu Yosya ja. Mu yemook fukkeelu atu nguuram ak benn, ca juróomeelu weer wa. Booba lañu jàpp waa Yerusalem njaam, yóbbu leen.

## Kàddug waxyu dal na Yuda

*(Saar 1.4—25.14)*

*Yàlla woo na Yeremi*

4 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma, ne ma:
5 «Laata ma lay sos ci sa biiru ndey, laa la xam;
laata ngay juddoo ci sa ndey, laa la séddoo,
def la ngay yonent ñeel xeet yi.»

6 Ma ne: «Éy Boroom bi Aji Sax ji,
da di manumaa wax, gone doŋŋ laa.»

7 Aji Sax ji ne ma: «Bul ne: “Gone laa.”
Képp ku ma la yebal, dem ca;
lépp lu ma la sant, wax ko.
8 Bu leen ragal, ngir yaw laay àndal,
di la xettali.»
Kàddug Aji Sax jee.

9 Aji Sax ji tàllal loxoom, laal sama gémmiñ.
Aji Sax ji ne ma:
«Mu ngoog, sexal naa la samay kàddu.
10 Ma ne, tabb naa la bés niki tey,
ci kaw xeet yeek réew yi,
ngay buddat, di fàqat,
di yàqate aka daaneel,
di defar aka jëmbat.»

*Yàlla wone na ñaari misaal*

11 Kàddug Aji Sax ji dikkal ma, ne ma:
«Yeremi, loo gis?» Ma ne ko: «Caru garabu
saal laa gis.»
12 Aji Sax ji ne ma: «Yaa ko gis, maa sàlloo
def sama kàddu, ngir sottal ko.»
13 Kàddug Aji Sax ji dikkalaat ma ñaareel
bi yoon, ne ma: «Loo gis?» Ma ne: «Cin luy
bax laa gis. Mu ngi joye bëj-gànnaar,
jublook nun.»
14 Aji Sax ji ne ma:
«Bëj-gànnaar la safaan bay fettaxe,
dal ci kaw waa réew mi mépp.
15 Maa ngii déy, di woo
mboolem waasoy réewi bëj-gànnaar ak seeni buur.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Dañuy dikk, ku ne dëj ngànguneem
fi janook bunti Yerusalem,
jànkoonteek tataam yépp,
ak dëkki Yuda yépp.
16 Maay biral samay àtteek ñoom
ci seen mbon gi gépp:
Dañu maa wacc,
di taalal cuuraay yeneen yàlla,
di sujjóotal lu ñu sàkke seeni loxo.

17 «Yaw nag takkul te wax leen lépp lu ma
la sant.
Bul am tiitaange fi seen kanam,
lu ko moy ma tiital la fi seen kanam.

18 «Maa ngii def la bésub tey
nga mel ni dëkk bu mag bu tata wër,
mel ni xeru weñ mbaa tatay xànjar,
jàkkaarlook réew mi mépp,
muy buuri Yuda aki kàngamam,
di sarxalkati réew mi ak baadoolo yi.
19 Dañu lay xeex te duñu la man,
yaw laay àndal, di la xettali.»
Kàddug Aji Sax jee.

# 2

### *Yàlla taxawu na Israayil*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal ma, ne ma:
2 «Demal yéeneji lii, Yerusalem di dégg,
nga ne: "Aji Sax ji dafa wax ne:
Maa ngi fàttaliku sa ngor ba ngay ndaw,
ak sa cofeel ba nga deeb séet,
ba ngay topp sama gannaaw ca màndiŋ
ma,
ba ngay jaare fa dara dul sax.
3 Mooy ba Israayil dee lu ñu sellalal Aji Sax
ji,
di ndoortel meññeefam*.
Képp ku ko sex, toppees ko ko,
musiba dikkal ko."»
Kàddug Aji Sax jee.

### *Bànni Israayil wor nañu*

4 Dégluleen kàddug Aji Sax ji,
yeen waa kër Yanqóoba,
ba ci mboolem làngi kër Israayil.
5 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Ana sikk bu ma seeni maam gisal,
ba tax ñu sore ma,
di topp xërëmi neen,
ba far neen?
6 Newuñu: "Ana Aji Sax
ji nu génne woon réewum Misra,
jiite nu ca biir màndiŋ ma,
ca joor gu wow gaak xur ya,
réewum maral ma lëndëm këruus,
jaareesu fa, dëkkeesu fa?"
7 Ma indi leen ci suuf su nangu,
ngir leel leeni meññeefam aki ngëneelam.
Ngeen dikk sobeel sama suuf sii,
ba sama céru suuf si siblu.

### *Aji Sax jaa ngi layoo*

8 «Sarxalkat yi newuñu: "Ana Aji Sax ji?"
Ñi ŋank yoon wi faaleetuñu ma,
njiit yi gàntal ma,
yonent yiy wax kàdduy waxyuy Baal, tuur
mi,
di topp lu leen dul jariñ.
9 Moo ma tax di layooteek yeen,
ba layook seeni sët.»
Kàddug Aji Sax jee.

10 «Demleen ba ca duni Kitim fa sowu, te
xool;
yónneeleen réewum Kedar fa penku, seetlu
bu baaxa baax
ndegam dingeen gis lu mel nii!
11 Fu aw xeet masa weccee yàllaam?
Moonte duñuy yàlla sax!
Moona xeet wi ma séddoo weccoo séen
darajay Yàlla
te du leen jariñ dara.
12 Asamaanee, waarul ci lii!
Jommil, ba jommaaral!»
Kàddug Aji Sax jee.
13 «Ñaari yoon la xeet wi ma séddoo bàkkaar:
ma di bëtu ndox muy dund,
ñu wacc ma, man,
di gasal seen bopp kàmbi dencukaayi
ndox,
te kàmb yi fett, di senn.

14 «Israayil da dib jaam a?
Am daa juddoo kërug njaam?
Ana lu tax ñu doon alalu sëxëtoo?
15 Gaynde yaa ngi ŋar ci seen kaw,
di leen xiiru!
Gaynde yee gental seenum réew,
ba seeni dëkk di gent yu kenn dëkkul.
16 Te it niti Memfisoo niti Tapanes†
ñooy dikk wat leen nel.
17 Xanaa du yeena def seen bopp lii,
di wacc seen Yàlla Aji Sax ji,
ba mu leen di jiite ca yoon wa?
18 Léegi lu ngeen wuti Misra?
Dangeen di naani ca ndoxum Niil ma ca
Misraa?
Lu ngeen wuti Asiri?

* **2.3 *ndoortel meññeefam,*** Aji Sax ji lañu ko daan jagleel. Kenn sañu cee lekk. † **2.16 *Memfis*** ak ***Tapanes,*** dëkki Misra lañu. Fi ñu ne Memfis am na sotti yu fi indi turu Nof.

Dangeen di naani ca dexu Efraat ca
Babilon a?
19 Seenug mbon a leen di mbugal,
seen ñàkk kóllëre yar leen.
Ñamleen ba gis ni ngeen ma dëddoo,
wormaalatuleen ma, man seen Yàlla Aji
Sax ji,
muy loraange ju leen wex.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.

### *Yuda amul worma*

20 «Yàgg ngeena yiwiku,
dog seeni jéng,
ba ne dungeen ma jaamu.
Kaw tundoo tund,
ker garaboo garab gu naat,
gànctu ngeen fa.
21 Moona maa leen jëmbat, ngeen di
ngëneelu reseñ,
di jiwu mu mucc ayib.
Nu ngeen walbatikoo di baadooloy reseñu
àll?
22 Bu ngeen raggoo woon saabu,
ba raggooteek xeme it,
seen ñaawtéef gàkk, may gis.»
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
23 «Nu ngeen ñemee naa: “Sobeelunu sunu
bopp
te toppunu tuuri Baal?”
Seetleen li ngeen nekke ci xur wi‡,
xoolleen li ngeen di def,
mel ni giléem gu ndaw, di wodd-woddi,
fu ne mu daw jëm fa,
24 mbaa mbaamu àll mu miin màndiŋ mi,
xabtaloo bakkanam, di xeeñtu ngelaw li.
Bu bëggee tëbu, ku ko mana téye?
Mbaam ngonk mu koy sàkku du sonn,
bu ci tolloo rekk, mu jot ko.
25 Ma ne, buleen daw ba mujje tànki neen
ak put gu wow.
Ngeen naa: “Bul sonn,
sopp nanu yàllay doxandéem yi,
te ñoom lañuy topp!”»

26 «Gàcceg sàcc bu ñu jàpp
dees na ko gàcceel waa kër Israayil,
ñook seeni buur ak seeni kàngam
ak seeni sarxalkat ak seeni yonent,
27 ñoom ñii naa bii bant: “Yaay sunu baay,”
naan wee doj: “Yaa nu sukk, jur.”
Wonuñu ma kanam, xanaa gannaaw,
te bu leen musiba dikkalee, ñu naa:
“Wallu nu boog!”
28 Waaw, ana seen yàlla yi ngeen sàkkal
seen bopp?
Bu leen musiba dikkalee,
nañ leen wallu, bu ñu ko manee!
Gannaaw yeen waa Yuda,
ni seeni dëkk tollu la seeni yàlla tollu!
29 Ana lu ngeen di layook man?
Yeen ñépp a ma gàntal!»
Kàddug Aji Sax jee.
30 «Mbugal naa seeni doom, jariñul dara.
Dégguñu yar,
bóom ngeen seeni yonent,
mbete gaynde yuy fàdde.
31 Éey niti Israayili tey,
teewluleen kàddug Aji Sax ji!

«Ni màndiŋ mi aaye, ndax mas naa nee
aaye ci Israayil?
Mbaa ma mel ni réewum lëndëm aki
loraangeem?
Lu waral sama ñoñ naa:
“Noo moom sunu bopp,
dootunu délsi fi yaw”?
32 Ab janq dina fàtte takkaayam?
Am ab séet dina fàtte mbubbum xewam?
Moona sama ñoñ fàtte nañu ma fan yu dul
jeex.
33 Yeen aka mokkal gànctu!
Jeeg ju bon ji sax di jànge ci yeen.
34 Te seeni pendal sax taq na
dereti néew-ji-doole yu deful dara,
fekkuleen leen it ñuy dàjji kër jàmbur§.
Loolu yépp terewul,
35 ngeen naan: “Nun de defunu dara,
sànjum Yàlla won na nu gannaaw moos.”
Gannaaw nee ngeen bàkkaaruleen,
maa ngii di leen àtte.
36 Yeen aka yomba soppi doxalin!
Waaye Misraa leen di bett,
na leen Asiri bette woon,
37 ngeen jóge ca yenu seeni loxo.
Aji Sax jee wacc ñi ngeen yaakaar,
ba dungeen baaxlee ci ñoom.»

## 3

### *Tuub jot na*

‡ **2.23** ***xur wi*** ñuy wax fii, mooy xuru Ben Inom ga ca Yerusalem te ñu daan fa def ay yëfi xërëm. § **2.34** Seetal ci *Mucc ga* 22.1.

1 Mu ne: «Su waay fasee jabaram,
mu dem doon jabaru keneen,
Su waa ja jëlaatee ndaw sa ëllëg*,
ndax loolu du sobeel a sobeel réew mii?
Moona yeen gànctu ngeen aki far yu bare,
ana nu ngeen mana délsee fi man?»
Kàddug Aji Sax jee.

2 «Téenleen, séentu tund† ya ne faraas!
Ana fu ñu leen fi tëddewul?
Ci yoon yi ngeen di yeeroo
ni màngaan muy dogalee ci màndiŋ mi.
Sobeel ngeen réew meek seen gànctook
seenug mbon.
3 Moo tax waame aje,
taw yiy mujje dikkul.
Teewul ngeen dëgër bët nib gànc,
ñàkk gàcce!
4 Léegi ngeen di ma woo wall naa:
“Baay, yaay sama xejj ca ba may ndaw.
5 Xanaa deesul mer ba fàww?
Xanaa xadar du sax?”
Ma ne: “Israayiloo, yeena ko wax,
waaye bon ngeen seen kemtalaay.”»

## *Israayil woyof kumba, Yuda toogadi*

6 Aji Sax ji nag wax ma ci jamonoy buur
Yosya ne ma: «Gis nga li Israayil
Woyof-Kumba-si def? Di dem kaw tundoo
tund ak ker garaboo garab gu naat, di fa
gànctu.
7 Ma noon su defee loolu lépp ba noppi,
dina délsi, te délsiwul. Te doomu ndeyam
Yuda workat bi gis na ci.
8 Gis naa ne it Israayil Woyof-Kumba-si
gànctu na ba ma yebal ko, jox ko kayitu
pase, mu dem, te taxul doomu ndeyam
Yuda workat bi ragal. Moom it daa dem di
gànctu.
9 Ni gànctu yombe Israayil tax na réew
mi sobewu. Njaaloo naak yàllay doj,
njaalook yàllay bant.
10 Loolu yépp itam taxul Yuda workat bi,
doomu ndeyu Israayil, délsee léppi xolam
fi man, xanaa di jinigal rekk.» Kàddug Aji
Sax jee.

11 Aji Sax ji nag ne ma: «Li Israayil di
woyof kumba lépp sax moo tane Yuda
workat bi.
12 Demal yéeneji kàddu yii fa bëj-gànnaar.
Nga ne:
“Israayiloo, Woyof-Kumba, délsil.”
Kàddug Aji Sax jee.
“Duma la fasal kanam.
Man Boroom ngor laa,
te duma jàpp mer ba fàww.”
Kàddug Aji Sax jee.
13 “Nangul ne ñaaw nga rekk,
te man sa Yàlla Aji Sax ji nga tooñ,
di wër di fowe sa bopp ak yàllay
doxandéem yi
ci ker garaboo garab gu naat,
te dégluwoo ma.”»
Kàddug Aji Sax jee.
14 «Yeen doom yu woyof kumba yi,
délsileen.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Maay seen boroom kër,
maay jële kenn ci bii dëkk,
ñaar ca bee gox,
boole indi Siyoŋ,
15 tànnal leen sàmm yu ma doy,
ñu sàmme leen xam-xam ak xareñ.
16 Janti keroog bu ngeen baree ba giir ci
réew mi,
deesul waxe gaalu kóllërey Aji Sax ji‡;
xel dootu ci dem,
deesu ko fàttaliku sax,
te deesu ko namm,
deesu ko sàkkati sax.»
Kàddug Aji Sax jee.
17 «Janti keroog
Yerusalem, ngànguney Aji Sax ji lees koy
woowe,
xeetoo xeet di fi daje,
ngir Aji Sax ji turam ñeel Yerusalem,
te dootuñu të ticc ci seen mébét yu bon.
18 Janti keroog waa kër Yuda
ànd ak waa kër Israayil,
bawoondoo réewum bëj-gànnaar,
wuti réew ma ma séddoon seeni maam.

19 «Maa leen naroona teral ni doom yu
góor,
may leen suuf su xemmemlu,

* **3.1** Yoonu Musaa mayul ku fase jabaram mu di ko jëlaat, gannaaw bu séyaatee ba tas. Seetal ci *Baamtug yoon wi* 24.1-4. † **3.2** ***tund:*** kaw tund yooyu lañu daan jaamoo tuur yi ñu foogoon ne dañuy nangul am njur. ‡ **3.16** ***gaalu kóllërey Aji Sax ji*** moo doon firndeel teewaayu Aji Sax ji ci digg bànni Israayil.

ngeen gënle xeet yépp suuf.
Ma noon dingeen ma woowe baay
te dungeen ma dëddu mukk.
20 Teewul, yeen waa kër Israayiloo, ngeen wor ma,
ni as ndaw di wore faram.»
Kàddug Aji Sax jee.
21 «Coow dégtu na ca kaw tund ya ne faraas,
bànni Israayil ay jooy aka tinu.
Ñoo lajj seenu yoon,
fàtte seen Yàlla Aji Sax ji.
22 Yeen doom yu woyof kumba yi,
waññikuleen, ma fajtal seen woyof kumba.»

*Kàdduy tuub jib na*

Nu ngi nii fekksi la,
yaw kay yaay sunu Yàlla Aji Sax ji.
23 Naxi neen kay lañu jële ca xërëmi tund yu ndaw ya
ak coowal kaw tund yu mag ya.
Muccu Israayil kay, fi sunu Yàlla Aji Sax ji.
24 Ba nuy gone ba tey,
tuur mu ruslu maa ngi neenal ñaqu maam yi,
seen jur gu gudd ak gu gàtt,
ba ci seeni doom, góor ak jigéen.
25 Nan gapparoo sunu gàcce,
sàngoo sunu toroxte.
Nook sunuy maam déy,
ba nuy gone ba tey jii,
nu ngi tooñ sunu Yàlla Aji Sax ji,
te déggalunu sunu Yàlla Aji Sax ji.

## 4

1 «Yaw Israayil, sooy waññiku,
waññikul fi man.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Soo jëlee fi sama kanam
sa jëf ju siblu,
te jenguloo,
2 xanaa nga waat ci Aji Sax jiy dund,
def ko ci dëgg ak yoon ak njub,
kon xeet yi dinañu barkeeloo Aji Sax ji,
di ko sagoo.»
3 Aji Sax ji déy dafa wax waa Yudaak Yerusalem, ne leen:
«Ruujleen seen tool,
buleen ji ciy dég.
4 Yeen waa Yudaak Yerusalem, deeleen xaraf ngir Aji Sax ji,
dogleen seen mbuñukay xol,
balaa sama xadar ne jippét ni sawara,
di tàkk te deesu ko fey
ndax seen jëf ju bon.

*Xare jib na*

5 «Nangeen yégle lii fa Yuda,
dégtale ko fa Yerusalem,
yéenee koob bufta bi biir réew mi
te xaacu seen kem kàttan ne leen:
“Dajeleen, nu dem ca dëkk ya tata wër.”
6 Yékkatileen raaya, jubale Siyoŋ,
làqujileen, buleen taxaw,
musiba déy laay jële bëj-gànnaar,
muy safaan bu réy.

7 «Gayndee fëlle geeram,
yàqkatu xeet yee jóg, génne këram,
nara gental seeni dëkk,
ba ñu di gent yu kenn dëkkul.
8 Kon nag solleeni saaku, ñaawloo te yuuxu ne:
“Merum Aji Sax ji tàng na kat te moyu nu.”
9 Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
«xolu buur jeex, kàngam ne yàcc,
sarxalkat waaru, yonent jommi.»

*Yeremeey wax*

10 Ma ne: Éy Boroom bi Aji Sax ji,
yaa naxlu askan wii nax yu metti,
ba nga nee: «Yerusalem jàmm lay am,»
te saamar tege ci putam.

*Mbugal taxaw na*

11 Janti keroog dees na wax askanu Yerusalem wii, ne leen:
«Jaas bu tàng a uppe kaw tund ya ne faraas ca màndiŋ ma,
wuti sama ñoñ.
Du doon ngelaw lees di bàcceeka beese.
12 Ngelaw lu ko ëpp doole laay indi.
Léegi maa leen di biral sama kàddug mbugal.»

*Waa Yerusalem ay wax*

13 Noon baa ngii, di jóg niy niir,
watiiri xareem ni ngëlén,
fasam ya gëna gaawi jaxaay.
Wóoy ngalla nun, yàqu nan!

*Yàllaay wax*

14 «Éey Yerusalem, fóotal sa xol, jële ci lu bon,
ndax nga mucc.
Foo àppal sa mébéti xol yu bon?
15 Kàddug yéenee ngi jibe Dan,

musiba dégtu na, bawoo tundu Efrayim.
16 Jottalileen ko xeet yi,
neleen Yerusalem:
“Songkat yaa ngii riire réew mu sore ma,
xaacoondoo fi kaw dëkki Yuda.”
17 Ñooy gaw Yerusalem ni wattukati tool,
ndax man la gàntal.»
Kàddug Aji Sax jee.
18 «Sa jëfin ak say jëf a la yóbbe lii,
sa musibaa ngoog, wex la xàtt,
di dagg sa xol.»

*Yeremi jàq na*

19 Maaka jàq a jàq bay jal-jali,
sama xol biy fuddu!
Éy wii mititu xol!
Duma mana noppi,
maa dégg wooteb bufta
ak yuuxi xare.

20 Yéenees na rajaxoo ci kaw rajaxoo,
réew mi mépp ne tasar kay!
Jekki-jekki samay xayma tasaaroo.
Xef-xippi ndimoy xayma ya xotatoo!
21 Xanaa duma gis ba fàww raayab noon,
buftab xare di ko feelu?

*Aji Sax jee jéppi na ñoñam*

22 «Dofe la sama ñoñ def.
Man, xamuñu maay kan,
mbetey gone yu dul xalaat dara;
dég-dég, tus;
seen xel mépp, lu bon rekk,
lu baax, xamuñu ci tus.»

*Yeremeey wax*

23 Maa xool suuf,
ndeke ma nga ne maraas, ne wëyëŋ;
ma xool asamaan,
leer amatu ca.
24 Ma xool tund yu mag yi,
ndeke ñu ngi yëngu,
tund yu ndaw yépp di jaayu.
25 Ma xoolaat, gisuma nit,
njanaaw yépp daw.
26 Ma xool, gis suuf su nangu sa
di ndànd-foyfoy,
dëkk yépp raaf
ndax Aji Sax jeek tàngaayu sànjam.

27 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Duma tas lépp tasar,
waaye réew mi mépp ay gental.
28 Loolooy tax suuf di ñaawlu,
asamaan di lëndëm.
Maa ko wax, maa ko dogu;
duma dëpp, duma deltu gannaaw.»

*Yerusalem dugg na fitna*

29 Gawar ak fittkat riir,
waa dëkk yépp fëx,
ñii tàbbiy gajj,
ñee ñalgu ci kawi doj,
ñu won dëkkoo dëkk gannaaw,
kenn desatu ca.
30 Yaw Yerusalem mu tas mi,
ana looy def nii,
di solu ba yànj,
gànjaroo wurus,
tusngalu, yàkkleey gët?
Yaa ngi sañse ci neen:
say xéddkat wacc nañu la,
sa bakkan lañuy wut.
31 Baatu ndaw su jagadi laa dégg,
ma nga jàq, di matub taawam.
Baatub Siyoŋ, dëkk bu taaru baa!
Ma ngay àppaat, tàllal loxo ya,
naan: «Wóoy, ngalla man;
ne yàcc ci loxol bóomkat yi!»

# 5

*Mbugal war na*
*Yàllaay wax*

1 «Wërleen mbeddi Yerusalem,
xoolleen, seet ciy péncam rekk ba xam
ndegam dingeen gis kenn,
kenn kepp kuy def njub,
di sàmm worma,
ma daldi leen baal.
2 Bu ñu nee sax: “Giñ naa ko ci Aji Sax jiy
dund,”
ay fen lañuy giñ.»

*Yeremeey wax*

3 Aji Sax ji, xanaa du worma ngay sàkku?
Dóor nga leen, safu leen;
nga làbbali, ñu tanqamlu,
wowle ba raw doj, baña dëpp.
4 Man nag, ma noon: «Ñii de ay baadoolo
rekk lañu,
di def jëfi dof,
xamuñu yoonu Aji Sax ji,
xamuñu lu seen àtteb Yàlla laaj.
5 Kon naa dem seeti kàngam yi,
wax ak ñoom.
Xanaa ñoom dinañu xam yoonu Aji Sax ji,
xam lu seen àtteb Yàlla laaj.»

Waaye ñoo bokk daggook Yàlla,
dogook moom.
6 Moo tax gaynde di génne ci gott bi, fàdd leen,
bukkiy màndiŋ mi di leen yàpp,
segg di tëru seeni dëkk,
ku ca génne, dees na la xotat.
Seeni moy a bare,
te seen ñàkk worma réy.

*Yàllaay wax*

7 «Yerusalem, ana lu tax ma di la baal,
te say doom wacc ma,
di giñe lu dul Yàlla.
Ma reggal leen, teewul ñuy njaaloo,
riixle, jëm kër gànc ya!
8 Mbete fas yu suur, tukkal,
ku ne ŋexal, jëm ca sa jabaru moroom.
9 Lii, duma leen ko dumaa?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Wii xeet, ndax duma ko fey yoolam?

10 «Yéegleen seeni tata, yàqate,
waaye buleen leen jeexal tàkk.
Tenqileen lawit yi,
ñooñoo bokkul ci Aji Sax ji.
11 Waa kër Israayil ak waa kër Yuda kat,
ñoo ma wor a wor!»
Kàddug Aji Sax jee.
12 «Ñoo fenal Aji Sax ji,
naan: "Moom du def dara,
musiba du nu dal,
saamaroo, xiifoo, dunu ci gis dara.
13 Yonent yi daal, ngelawal neen!
Kàddug Yàlla newul ci ñoom;
li ñuy wax, na leen yenu!"»

## *Aji Sax ji artu na xeet wi*

14 Moo tax Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Gannaaw wax jii lañu wax,
maa ngii di def samay wax di sawara ci sa gémmiñ,
muy xoyom askan wii mel ni matt.
15 Éey waa kër Israayil,»
kàddug Aji Sax jee,
«maa ngii di indi fi seen kaw xeet wu bawoo fu sore.
Xeet wu am kàttan lañu,
xeet wu yàgga yàgg,
wu ngeen xamul seen làmmiñ,
te dégguleen seeni wax.
16 Seen mbari fitt ŋafal paxum bàmmeel,
ñoom ñépp di ñeyi xare.
17 Ñooy dikk, warax seen meññeef ak seen ñam,
jeexal seeni doom, góor ak jigéen,
lekk seen jur gu gudd ak gu gàtt,
saax-saaxee seeni reseñ ak seeni figg;
te dëkk yi ngeen yaakaare seeni tata,
dooley saamar a koy tas.
18 Waaye bési keroog it,»
kàddug Aji Sax jee,
«duma leen jeexal tàkk.
19 Bu ñu nee:
"Ana lu waral sunu Yàlla Aji Sax ji teg nu lii lépp?"
ne leen: "Yàlla nee:
Ni ngeen ma dëddoo, di jaamu yàllay jàmbur ci seenum réew,
ni ngeen di jaamujee ay jàmbur
biir réew mu ngeen moomul."

20 «Jottalileen lii waa kër Yanqóoba,
biralleen ko fa Yuda, ne leen:
21 "Ngalla dégluleen lii,
xeet wu dofe, ñàkk xel wi ngeen doon,
ami gët te dungeen gis,
ami nopp te dungeen dégg!
22 Man daal, ndax dangeen maa ragalul,
am dungeen raf ci sama kanam?"»
Kàddug Aji Sax jee.
«Man mi teg gannuus, yemalee ko géej,
dogalal ko ko dàkk te du ko jàll,
lu mu wañax wañax, du ko man;
gannax ya day riir, te du jàll!
23 Waaye wii xeet a dëgër bopp te déggadi.
Dëddu nañu ma ba wéy.
24 Seen xel demul sax ba ne:
"Tee noo ragal sunu Yàlla Aji Sax
jiy jot, mu tawal nu,
taw yu jëkk ak yu mujj yi,
àppal nu ayi bési ngóob,
sédde nu?"
25 Yooyii seeni ñaawtéef a ko waññi,
seen bàkkaar a leen xañ ngëneel.

## *Mbon maase na ci xeet wi*

26 «Waaw! Daa am ñu bon ci sama ñoñ,
ñuy tërooka fiire
mbete nappkati picc.
27 Ni kaaf di feeseeki picc,
ni la seeni kër di feese alali càcc,
ba tax ñu yokku ba woomle,
28 yaflu, di nes-nesi.

Seenug mbon it amul kem:
duñu defal jirim njub,
duñu àtte néew-ji-doole dëgg.
29 Lii, ndax duma leen ko dumaa?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Xeet wu mel nii ndax duma ko fey
yoolam?
30 Lu siblu te yées am na ci réew mi:
31 Yonent yiy wax kàdduy fen,
sarxalkat yiy jiitee seen coobare,
te sama ñoñ soppe ko ni!
Moo, ca muj ga, nu ngeen di def?

# 6

*Gawub Yerusalem nuyoo na*

1 «Yeen askanu Beñamin, fëxleen,
génn Yerusalem.
Walleen bufta bi fa Tekowa,
jafaleleen jum yi Bet Kerem, artoo ko,
musiba kat a ngi yëre bëj-gànnaar,
di safaan bu réy.
2 Yaw Siyoŋ, dëkk bu taaru bi te xejj,
dama lay dammat.
3 Ay sàmm ak seeni gétt ci sa kaw,
ñu samp seeni xayma, wër la,
di foral, ku nekk ak pàccam.»

4 Ñii ne: «Waajalleen xare baak ñoom,
nu songi leen digg bëccëg.
Waaye wóoy nun, jant a ngi lang,
keru ngoon di law!»
5 Ñee ne: «Nan song congum guddi boog,
ba rajaxe seen kër yu yànj yi.»

6 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi déy da ne:
«Gorleeni bant,
sëkke Yerusalem, gaw ko!
Dëkk bii dees koy mbugal,
àqu nooteel la fees dell.
7 Ni bëtu ndox di dawe,
ni lañuy dawale seenug coxor.
Fitnaak salfaañooy riir ci dëkk bi,
gisuma lu moy jagadeek loraange!
8 Yeen waa Yerusalem, deeleen dégg
bala ma leena dëddu,
ba gental réew mi
gent bu kenn dëkkul.»

*Askan wa të na*

9 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Nañu witt a witt ndesu Israayil,
ni ñuy witte reseñ,
ba nga dawalaat say loxo ca car ya.»

*Yeremeey wax*

10 Moo kan laay waxal,
artu ko ba mu déglu?
Seeni nopp a fatt ba manatuñoo sax
teewlu.
Kàddug Aji Sax jaa ngii,
mel ni lu ñu rus,
lu ñu safoowul!
11 Maa ngi fees dell ak merum Aji Sax ji,
ba manatuma koo dékku.

*Yàllaay wax*

«Sippi ko tuut-tànk yi ci mbedd mi,
sippiwaale ko waxambaane yi daje,
mu laawaale jëkkër ak jabar,
mag ak màggat,
12 seeni kër doon alali jàmbur,
ak seeni tool it ak seeni jabar.
Maay xàcc sama loxo déy,
dal ci kaw waa réew mi.»
Kàddug Aji Sax jee.
13 «Ndax ki gëna tuut ba ki gëna mag,
ñépp a ngi lewal lu lewul.
Yonent akub sarxalkat,
ñépp a ngi wor.
14 Sofental nañu sama pajum ñoñ ñi
dammatoo,
naan: “Jàmm, lépp jàmm!”
te jàmm amul.
15 Ñu wara am gàcce ci seen jëf ju siblu,
te gàcce gàcceelu leen.
Xamuñu sax luy kersa!
Moo tax ñuy fëlëñoondook ñiy fëlëñu.
Kera ba ma leen di dikkal, ñooy tërëf.»
Aji Sax jee ko wax.

*Pexey askan wi jur na musiba*

16 Aji Sax ji dafa wax ñoñam ne:
«Taxawleen ca selebe yoon wa, xool,
te laajte yoon ya woon,
ne: “Ana yoonu mbaax?”
Ngeen awe ca, am noflaayu bakkan.»
Ñu lànk ne: «Awunu ca.»
17 «Ma tabbal leeni wattukat
ne: “Teewluleen bufta bu jib.”»
Ñu lànk ne: «Teewluwunu.»
18 «Moo tax yeen xeet yi, dégluleen;
yeen waaso yi, seedeleen liy xaar ñii.
19 Yeen waa àddina, dégluleen!
Maa ngii di indil askan wii musiba
mi leen seeni pexe jural.

Ñoo faalewul samay kàddu,
gàntal sama yoon.
20 Lu may doye lii?
Ndàbb lu jóge Seba*,
diw gu xeeñ, bawoo réew mu sore?
Seeni saraxi rendi-dóomal safu ma;
seen saraxi jur, bëgguma.»
21 Moo tax Aji Sax ji wax ne:
«Maa ngii di tegal askan wii
ay pakk, ñu fakkastaloondoo,
baay ak doom,
dëkkandookub xarit,
ñépp sànku.»

*Noon sàqee na bëj-gànnaar*

22 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Aw askan a ngii bàyyikoo réewum
bëj-gànnaar,
xeet wu mag lañuy doon, sàqee fa cati
àddina.
23 Fitt aku xeej lañuy ŋëb,
néeg lool, duñu yërëm;
seen coow ni riirum géej,
ñu war seeni fas, rëpptal,
làng-déral leen,
yeen waa Siyoŋ, dëkk bu taaru bi.»

*Waa Yerusalem ay wax*

24 Danoo dégg riir mi,
sunuy yoxo yoqi,
njàqare ne nu taral,
ni mititu mat.
25 Kii naa: «Bul génn ci àll bi!»
Kee naa: «Bul jaar ci yoon wi!»
Saamar kay a nga ca loxol noon ba,
tiitaange dajal fépp!

*Yeremeey wax*

26 Éey bokk yi, solleeni saaku,
diwoo dóomu-taal, ñaawloo ko.
Ñaawluleen ni kuy dëj benn bàjjo
te jooy jooy yu metti,
nde yàqkat bi day jekki,
ne sunu kaw dàll!

*Yàllaay wax Yeremi*

27 «Maa la def sama nattukatu ñoñ,
nga di leen nattu ni ñuy nattoo xaalis,
te war leena seetlu, nemmiku seen jikko.
28 Ñoom ñépp a di fippukat yu fétteeral,
wër di sos,
dëgërle ni xànjar ak weñ gu ñuul.
Ñoom ñépp di yàqkat.
29 Tëgg wal taalam, mu yànj;
sawara seeyal betteex.
Xellees na koo xelli ci neen,
taxul li ci bon génn.
30 Dees na leen woowe mbuubitum xaalis,
nde Aji Sax ji buub na leen, sànni.»

# 7

*Yeremi yedd na demkati kër Yàlla yi*

1 Kàddu gii dikkal na Yeremi, bawoo fa
Aji Sax ji. Mu ne ko:
2 «Taxawil fa bunti kër Aji Sax ji, nga
yéene fa kàddu gii, ne leen: “Mboolem yeen
waa Yuda ñiy jàlle bunt yii, di jaamusi Aji
Sax ji, dégluleen kàddug Aji Sax ji.
3 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, Yàllay
Israayil dafa wax ne: Jekkalleen seeni
jikkook seeni jëf, ma dëël leen bii béreb.
4 Buleen naxe seen bopp kàdduy
caaxaan, naan: ‘Kër Aji Sax jaa ngi, kër Aji
Sax jaa ngi fii, kër Aji Sax jee!’
5 Su ngeen jekkalee jekkal seeni jikko ak
seeni jëf déy, di def a def yoon seen digg ak
seen moroom,
6 te nootuleen doxandéem, ab jirim akub
jëtun, tuuruleen deretu jàmburu Yàlla, fi bii
béreb, toppuleen yeneen yàlla bay loru,
7 su boobaa, ma dëël leen bii béreb, réew
mi ma joxoon seeni maam, bu yàgg, ba
fàww.
8 Yeena ngii di naxe seen bopp waxi
caaxaan yu amul njariñ.
9 Yeen, nu ngeen mane di sàcc, di bóome,
di njaaloo, di giñi fen, di taalal Baal tuur
mi cuuraay, di topp yeneen yàlla yu ngeen
xamul,
10 tey dikk taxaw fi sama kanam, biir
kër gii ñu ma tudde, te naan: ‘Nun kay raw
nanu,’ ba tax ngeen di def mboolem lu
siblu lii?
11 Rawtub sàcc daal ngeen def kër gii ñu
ma tudde? Man de lii laa gis! Kàddug Aji
Sax jee.
12 «“Demleen rekk kay ca sama béreb ba
ca Silo, fa ma njëkkoona dëël sama tur,
ngeen xool na ma ko def ngir mbonug
Israayil, sama ñoñ*.

---

* **6.20** ***Seba,*** am réew la wu bokk ci sowu Arabi, fa féete suuf.
* **7.12** Seetal ci *1.Samiyel* saar 4.

13 «“Gannaaw def ngeen jëf jii jépp nag,”
kàddug Aji Sax jee, “te ma waxoon leen a
wax ay yooni yoon, dégluwuleen; woo leen,
wuyuwuleen,
14 kër gii ñu ma tudde, ngeen yaakaar
ko, béreb bii ma leen joxoon, yeen ak seeni
maam, na ma def Silo laa koy def.
15 Dama leen di dàq, ngeen sore ma, na
ma dàqe woon seen bokk yépp, askanu
Efrayim† gépp.”

### *Yàlla gàntal na*

16 «Waaye yaw bul ñaanal askan wii, bu
leen yékkatil kàddug ñaan, bu leen tinul fi
man. Du maa lay déglu moos!
17 «Xanaa gisoo li ñu nekke fi dëkki Yuda
ak ci mbeddi Yerusalem?
18 Doom a ngi taxan, baay di taal, jigéen
di noot lu mu nàkkal tuur mi ñuy woowe
Lingeeru asamaan, di tuural yeneen yàlla,
di ma ko naqarale!
19 Du man lañuy naqaral moos!» Kàddug
Aji Sax jee. Mu ne: «Xanaa kay ñoo ciy rus!»
20 Moo tax Aji Sax ji Boroom bi dafa wax
ne: «Sama xadar a ngii di sottiku fi bii
béreb, fi kaw nit ak mala, garab ak lu suuf
meññ, lépp ne jippét, te deesu ko fey.»
21 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, Yàllay
Israayil dafa ne: «Seen juru saraxu
rendi-dóomal yooyee, dollileen ko ci seen
yeneen sarax, te dëréx‡.
22 Bés ba may génne seeni maam Misra
déy, waxuma leen woon mbaa di leen sant
mbirum saraxu rendi-dóomal ak yeneen
sarax.
23 Mbir mii déy laa leen santoon ne leen:
“Déggalleen ma, ma doon seen Yàlla; yeen
ngeen doon sama ñoñ. Doxeleen wépp
yoon wu ma leen sant, su ko defee ngeen
baaxle.”
24 Waaye déggluwuñu ma, teewluwuñu
ma, xanaa di jëfe seen xel ak seen dëgër
bopp ak seen bon xol, ba tax ñu dellu
gannaaw, jëmuñu kanam.
25 La dale bés ba seeni maam génne
réewum Misra ba bésub tey jii, yónnee naa
leen bés bu nekk mboolem sama jaam ñi,
maanaam yonent yi.
26 Waaye dégluwuñu ma, teewluwuñu
ma, xanaa sajju loos, di bon, ba yées seeni
maam.
27 «Dinga leen wax kàddu yii yépp, te
duñu la déglu, nga woo leen, duñu la wuyu.
28 Su ko defee nga ne leen: “Xeet a ngii
wu dul déglu kàddug Yàllaam Aji Sax ji,
nanguwuñu yar, worma tumurànkeel
leen, ba daggook seen làmmiñ.

### *Xuru Ben Inom di xuru dee*

29 «“Waa Yerusalemee,
seen njañ§ li ngeen séddoo Yàlla,
xuufleen ko, sànni, ñaawloo ko,
xaaculeen fa kaw tund ya ne faraas,
nde Aji Sax ji xalab na,
wacc na seen maas gii sabab sànjam.”
30 Waa Yuda déy, ñoo def lu ma ñaawlu.»
Kàddug Aji Sax jee. «Ñoo yeb yëf yu siblu fi
biir kër gi ñu ma tudde, di ko sobeel.
31 Ñoo tabax ay bérebi jaamookaay ca
béreb bu tudd Tofet fa xuru Ben Inom, di
fa sarxe seeni doom, góor ak jigéen, lakk
leen, te santaanewuma ko, jaarul sax ci
sama xel.
32 Moo tax ay bés a ngii di ñëw,» kàddug Aji
Sax jee, «deesatul tudd Tofet mbaa xuru
Ben Inom, xanaa xuru Bóomukaay. Dees na
rob ca Tofet ndax ñàkk bérebu robukaay.
33 Néewi xeet wii mujj di lekku njanaaw ak
rabu àll, te kenn du leen mana dàq.
34 Maay dakkal fi dëkki Yuda, dakkal fi
mbeddi Yerusalem coowal mbégteek
bànneex, dakkal kàddug boroom séet,
dakkal kàddug séet, ndax réew mu
tumurànke.

## 8

1 «Su boobaa déy,»
kàddug Aji Sax jee,
«noon yeey sulli yaxi buuri Yuda
ak yaxi kàngam yi
ak yaxi sarxalkat yi
ak yaxi yonent yi
ak yaxi waa Yerusalem,
fa seeni bàmmeel,
2 weer leen ci naaj week weer wi
ak mboolem biddiiw yi ñu soppoon,
di leen jaamu, di leen wut aka topp,

† **7.15** ***Efrayim,*** genn la ci fukki giiri bànni Israayil ya séq réewum Israayil, ca bëj-gànnaaru réewum Yuda. ‡ **7.21** Ci yoon, saraxu rendi-dóomal, deesu ci lekk dara. Yàllaa ngi leen di ñaawal fii, di leen won ne gedd na seen bépp sarax.
§ **7.29** ***njañ:*** seetal ci *Màndiŋ ma* 6.1-8.

di leen sukkal.
Deesu ko dajale, deesu ko suul;
day mel niy jonkan fi kaw suuf si.
3 Dee mooy gënal dund
mboolem ku des ci njaboot gu bon gii,
ak mboolem fu ñu dese fa ma leen tasaare woon.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.

*Askan wi të na ticc*
4 «Nanga leen wax ne leen:
“Aji Sax ji dafa wax ne:
Xanaa ku daanu, da dul jógaat?
Am ku lajj, du délsi?
5 Lu tax xeet wii dëddu?
Lu tax Yerusalem gii lajj, baña délsi?
Ñu ngi langaamoo naxi neen,
baña délsi.
6 Teewlu naa, déglu naa;
du lu jaadu lañu wax.
Kenn tuubu ci mbonam,
ba ne: ‘Lu ma def nii?’
Ku nekk a topp yoonam,
ni fas wu màmm cib xare.
7 Ag xodd sax xam na bésub demam,
pitax, wetwet ak mbelaar it dem,
tey sàmm seen bésub délsi.
Waaye sama ñoñ faalewuñu àtteb Aji Sax ji.
8 Nu ngeen mane ne: ‘Am nan xel,
nu ngeek yoonu Aji Sax ji,’
te xalimay yoonalkat soppi ko fen?
9 Dees na gàcceel boroom xel yi,
ñu jàq, jataŋe.
Kàddug Aji Sax jaa ngii ñu dëddu ko,
ana seenum xel?

10 «“Kon nag maay jël seeni jabar, jox ñeneen,
jox seeni tool ay foqatikat,
ndax ki gëna tuut ba ci ki gëna mag,
ñépp a ngi lewal lu lewul.
Ab yonent akub sarxalkat, ñépp a ngi wor!
11 Sofental nañu sama pajum ñoñ ñi dammatoo,
naan: ‘Jàmm, lépp jàmm!’
te jàmm amul.
12 Ñu wara am gàcce ci seen jëf ju siblu,
te gàcce gàcceelu leen.
Xamuñu sax luy kersa!
Moo tax ñuy fëlëñoondook ñiy fëlëñu.
Bu ma leen dikkalee, dinañu tërëf.”»
Aji Sax jee ko wax.

*Yaakaar tas na*
*Yàllaay wax*
13 «Maa leen di witt a witt.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Garabu reseñ du dese doom,
figg du dese doom,»
kàddug Aji Sax jee,
«xob ya sax day wow.
Lu ma leen joxoon, rëcc na leen.»
*Askan waay wax*
14 Ana lu nuy toog?
Fabuleen, nu dem ca dëkk ya tata wër, deewi fa.
Sunu Yàlla Aji Sax ji nar na sunu dee;
moo nu nàndal tookey mbugal,
nde noo tooñ Aji Sax ji.
15 Nuy yaakaar jàmm,
dara baaxul;
nuy séentum paj,
tiitaange ne jaas!
16 Seen noowi fas yaa dégtoo bëj-gànnaar fa Dan,
seen fasi naaru-góor di ŋexal, suuf sépp yëngu.
Ñu dikk, tas réew mi tasar,
booleek li ci biiram,
ak dëkk beek ñi ci biiram.
*Yàllaay wax*
17 «Maa ngii déy di leen yónnee
jaani ñàngóor yu déggul jat,
ñu di leen màtt.»
Kàddug Aji Sax jee.

*Yeremi am na naqar*
*Yeremeey wax*
18 Ndaw naqar wu tiis,
ndaw xol bu diis!
19 Sama bokk yaa ngooguy yuuxu
yuux yu àkki fu sore,
naan: «Moo xanaa Aji Sax ji daa newul Siyoŋ?
Xanaa Buurub Siyoŋ da fee nekkatul?»
*Yàllaay wax*
«Lu tax ñuy yékkati sama xol
ak seen jëmmi tuur yii,
seen yàllay doxandéem yi tekkiwul dara?»
*Askan waay wax*
20 Ngóob wéy na, jamonoom wees,
te nun de muccagunu.
*Yeremeey wax*
21 Sama bokk yi seen xol jeex
tax na sama xol jeex,

may tiislu, tancoo njàqare!
22 Moo ndax diwu pajtal amul Galàdd*?
Am fajkat a fi amul?
Ana lu tax ba bokk yi taneeguñu?
23 Aka neexoon sama bopp soppaliku
ndox,
saay gët di seyaan buy xelliy rongooñ
yu ma jooye guddeek bëccëg
bokk yi ñu bóom!

# 9

1 Éy ku ma mayoon ci màndiŋ mi
dalu panaanum njëggaan,
ba ma teqalikook bokk yi, wacc leen,
dem, bàyyi leen?
Ñoom ñépp ay bokkaale,
di gàngooru workat.

*Dëgg jeex na*
*Yàllaay wax*
2 «Ñu ngi tàwwi ni fittkat seen làmmiñu
workat,
seen doole ci réew mi doxaluñu ci yoon.
Ñu ngii di def lu bon ci kaw lu bon,
te man faalewuñu ma.»
Kàddug Aji Sax jee.

3 «Na ku ne moytu dëkkandoom
te baña wóolu menn mbokk.
Kuy mbokk déy, lal nga pexem wuruj, di
wuruj;
kuy dëkkandoo, sos ngay wéye.
4 Ku ne sa dëkkandoo ngay nax,
te dëgg, doo ko wax.
Dañoo tàmmi fen,
di def njekkar ba sonn.
5 Yeena ngi dëkke njublaŋ,
njublaŋ rekk,
faaleetuleen ma.»
Kàddug Aji Sax jee.

6 Moo tax Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
wax ne: «Maa ngii di leen segg,
nattu leen ni weñ gu sawara seeyal, xelli!
Ana nu may def neneen
ak sama ñoñ?
7 Seen làmmiñ di fitt guy bóome,
seeni wax dig njublaŋ.
Nit di wax moroomam jàmm,
te di ko tëru cim xelam.
8 Lii, ndax duma leen ko dumaa?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Xeet wu mel nii ndax duma ko fey
yoolam?»

*Jooy jot na*
*Yeremeey wax*
9 Tund ya laay jooy, di yuuxu,
di jooy parluy màndiŋ ma,
fa lépp lakk, ba jaareesu fa,
déggeesul baatu jur;
njanaaw ak mala,
lépp daw, ne mes.
*Yàllaay wax*
10 «Maay def Yerusalem jali doj,
till yi dëkke;
ma def dëkki Yuda gent bu kenn dëkkul.»
*Yeremeey wax*
11 Ana ku muus, ba xam lu waral lii?
Ana ku Aji Sax ji waxal,
mu wax nu lu waral réew mi sànku,
gental ni màndiŋ mi,
kenn jaaru fi?
*Yàllaay wax*
12 Aji Sax ji ne:
«Ñoo wacc sama yoon
wi ma leen tegaloon,
sàmmuñu sama kàddu,
jëfewuñu ko,
13 xanaa wéy ci dëgër bopp,
topp tuuri Baal yi leen seeni maam
miinaloon.»

14 Moo tax Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
Yàllay Israayil wax ne:
«Maa ngii di leelsil xeet wii njàqarey xeme,
nàndal leen tookey mbugal.
15 Maa leen di wasaare fi biir xeet yu ñu
xamuloon,
du ñoom, du seeni maam.
Maa leen di tofal saamar, ba raafal leen.»

16 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne:
«Ne leen: "Gisleen li xew te woowi jigéeni
jooykati dëj yi, ñu dikk;
yónneeleen ca ña gëna man, ñu dikk."»
*Askan waay wax*
17 Ñiy dëbbe, nañu nu gaawe ci jooy yi,
gët taa, rongooñ wal.

---
* **8.22** ***Galàdd,*** ab gox la bu féete dexu Yurdan penku te nekkoon fu bare gàncaxi pajtal.

18 Yuux a ngoog, jibe Siyoŋ.
Ñu naa: «Nooka rajaxoo,
torox ba ne tott,
noon màbb sunuy dëkkuwaay,
nu génn réew mi.»

*Yeremeey wax*

19 Yeen jigéen ñi,
ngalla dégluleen kàddug Aji Sax ji,
taataan waxam,
ba jàngal seeni janq jooyi dëj,
jigéen ju ne jàngal moroomam yuuxi dëj.
20 Dee déy moo ñalgoo sunuy palanteer,
dugg sunuy kër yu yànj,
rey gone yi ci mbedd mi,
ak xale yu góor yi ci pénc yi.

*Yàllaay wax*

21 «Ne leen: "Kàddug Aji Sax jee.
Néew yeey wetaroo ci àll bi, mel niy jonkan,
ni gub yu góobkat won gannaaw, kenn foru l."»

*Ku xam Yàlla rekk a xelu*

22 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Ku xelu, bumu damoo am xelam;
ku jàmbaare, bumu damoo njàmbaaram;
ku woomle, bumu damoom koomam.
23 Kuy damu kay, na damoom xelam
mu ko may mu xam ma,
xam ne maay Aji Sax
jiy doxal ngor ak yoon ak njub fi kaw suuf.
Loolu déy mooy sama bànneex.»
Kàddug Aji Sax jee.

*Xaraf, na Yàlla tax*

24 «Ay bés a ngii di ñëw,»
kàddug Aji Sax jee,
«maay dikkal képp ku xarafam yem ci yaram,
25 muy waa Misra, di waa Yuda,
di Edomeen ñeek Amoneen ñi,
di Mowabeen ñeek
mboolem ñiy wat seen peggu kawaru bopp*
te dëkke màndiŋ mi,
nde xeet yooyu, kenn xarafu ci dëgg, te it
bànni Israayil gépp
xarafuñu xarafu xol†.»

# 10

*Aji Sax ji du moroomu xërëm*

1 Yeen bànni Israayil, dégluleen kàddu
gi leen Aji Sax ji dégtal.
2 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Jikkoy xeeti yéefar yi, buleen ko roy;
màndargam asamaan, buleen ko tiit;
na ko yéefar yi tiit.
3 Aaday xeet yi kat neen la.
Garab lañuy gore ca gott ba,
ab yattkat yatte ko sémmiñ,
4 rafetale xaalis ak wurus,
daaj koy pont, dëgëral,
ba du yëngu;
5 muy saf kuñeental ci biir tóokërub xaal.
Du wax, du séqi jéego,
ñu di ko jaŋat-jaŋatee.
Buleen ko ragal, du lore, du jariñe.»

*Yeremeey wax*

6 Aji Sax ji, kenn melul ni yaw,
yaaka màgg, jàmbaare, màggu tur.
7 Yaw Buuru xeet yi, ana ku la dul ragal?
Yaw déy yaa yelloo ragal.
Mboolem ñi xelu ci xeet yi
ak mboolem seeni buur,
kenn melul ni yaw.
8 Ñoom ñépp a bokk dofe, ñàkk bopp:
xam-xamu kasara, bant kese!
9 Xaalis lañuy jële Tarsis, xoobe ko bant,
wurus wu jóge Ufas, ñu boole ca,
ndaanaan liggéey ko,
tëggu gànjar yatt ko,
ñu solal ko ndimo lu yolet
ak lu xonq curr,
lépp di liggéeyu ràbb yu xareñ.
10 Waaye Aji Sax jeey Yàlla dëgg.
Mooy Yàlla jiy dund,
di buur ba fàww,
xadaram gësëm àddina,
meram man xeet yi.

*Yàllay wax Yeremi*

11 «Lii nag, nangeen ko siiwal:
"Seen yàlla yi sàkkul asamaan, sàkkuñu suuf,
ñooy sànku, jóge fi suuf ak fi asamaan tiim."»

*Yeremeey wax*

---

* **9.25 *peggu kawaru bopp:*** seetal ci *Sarxalkat* 19.27. † **9.25** Xeeti àddina yu bare baaxoo nañu di xaraf. Waaye xaraf ci la Yàlla nammoona birale kóllëre gi dox digganteem ak bànni Israayil. Moo tax gépp góor gu bokk ci woowu askan waroona fésal ci yaramam màndargam xaraf miy firndeel googu kóllëre, te ànd ceek xolu jëfe ko.

12 Suuf, Aji Sax jee ko sàkke kàttanam;
dun bi, mu sampem xelam;
asamaan, mu lale xam-xamam.
13 Bu àddoo, ndoxum asamaan riir;
mu yéegey niir fa cati àddina,
riddee ngelaw fa dencam ya,
daldi melax, taw.
14 Nitoo nit dim sanax, sore xam-xam,
te képp kuy tëgg sa jëmmu tuur, yaa añe gàcce.
Sa jëmmi weñ ji nga xelli, di neenug neen,
noowug bakkan, tus!
15 Cóolóolu neen, liggéeyu caaxaan;
bu bésam taxawee, mu sànku.
16 Ki séddoo Yanqóoba déy wuute naak yii caaxaan.
Kee bind lépp,
te Israayil di giir gi mu séddoo.
Kookooy Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi!

*Mbugal dikk na*

17 Yerusalemee, yeen ñi ñu gaw,
forleen seen ëmb.
18 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Maa ngii naa xërr waa réew mi bii yoon,
teg leen njàqare, ba ñu yég ko.»

*Yerusalem ay wax*

19 Wóoy man, yàqu naa!
Ndaw góom bu metti!
Dama noon lii jàngoro doŋŋ a,
naa muñ!
20 Xayma xotatoo,
buumi xayma xëttandoo,
samay doom wacc ma, ne mes;
kenn sampatul sama xayma, firi ko.

*Yeremeey wax*

21 Sàmmi xeet weeka dofe:
Aji Sax ji, diisoowuñook moom.
Moo leen taxa bonle,
seen jur gépp tasaaroo*.
22 Xibaar a ngoog, di ñëw,
riir mu réy a yëngoo réewum bëj-gànnaar,
nara gental dëkki Yuda yu mag yi,
till yi dëkke.

*Yeremi tinu na Aji Sax ji*

23 Aji Sax ji, maa xam ne
nit moomul yoonam,
kuy dox moomuli jéegoom.
24 Aji Sax ji, yar ma lu yem,
te bañ maa yare mer,
di ma semmal.
25 Xëppal sa xadar yéefar yi la yégul,
ak làng yi la tuddul.
Ñoo mëdd giirug Yanqóoba,
mëdd leen, bóom leen,
gental seen dëkkuwaay.

# 11

*Yuda fecci na kóllëre*

1 Kàddu gii dikkal na Yeremi, bawoo fa
Aji Sax ji:
2 «Dégluleen sàrti kóllëre gii. Te yaw
Yeremi, nga àgge ko képp kuy waa Yuda ak
waa Yerusalem.
3 Nga ne leen: “Aji Sax ji Yàllay Israayil
dafa wax ne: Alkànde ñeel na képp ku
sàmmul sàrti kóllëre
4 gii ma santoon seeni maam bés ba ma
leen génnee réewum Misra, miy
saamandaay taalu xellikaayu weñ gu ñuul.
Ma noon leen ngeen déggal ma te jëfe sàrti
kóllëre gi ni ma leen ko sase, ba doon sama
ñoñ, man ma doon seen Yàlla.
5 Su ko defee ma wàccook ngiñ, la ma
giñaloon seeni maam ne dinaa leen may
réew mu meew maak lem ja tuuroo, muy
fii tey.”»
Ma ne ko: «Tigi, Aji Sax ji.»
6 Aji Sax ji ne ma: «Yéeneel mboolem
kàddu yii ci biir dëkki Yuda yu mag yi ak ci
mbeddi Yerusalem, nga ne: “Dégluleen
sàrti kóllëre gii te jëfe ko.
7 Artu naa artu seeni maam, dale ko ba
ma leen génnee réewum Misra, ba tey jii ma
jàppoo di leen artu, naan leen ñu déggal
ma.”
8 Waaye dégluwuñu, teewluwuñu, xanaa
ku nekk di wéye dëgër bopp, topp ag bon
xolam. Moo tax ma wàcce ci seen kaw
mboolem sàrti kóllëre gii ma leen santoon
ñu war koo jëfe te jëfewuñu ko.»
9 Aji Sax ji dellu ne ma: «Pexem fippu
feeñ na ca Yuda gépp ak ca waa
Yerusalem.
10 Dellu nañu ca seen ñaawtéefi maam ya
bañoona sàmm samay kàddu. Ñoom it topp
nañu yeneen yàlla, di leen jaamu. Waa kër
Israayil ak waa kër Yuda fecci nañu kóllëre
ga ma fasoon ak seeni maam.

* **10.21** Seetal ci saar 23.

11 «Moo tax Aji Sax ji wax ne: “Maa ngii
di leen wàcceel musiba mu ñu dul mana
rëcce. Dinañu ma ne wóoy te duma leen
déglu.
12 Su ko defee waa dëkki Yuda yu mag
yeek waa Yerusalem dem jooytuji ca yàlla
ya ñuy taalal cuuraay, te duñu leen mana
wallu mukk ci seen jamonoy musiba.
13 «“Yaw Yuda, ni sa dëkk yu mag tollu,
ni la say tuur tollu. Ni mbeddi Yerusalem
tollu it, ni la sarxalukaay yi ñu fa saam
tollu, ñu di fa taalal cuuraay Baal, tuur mu
seexluwu mi.”
14 «Yaw nag Yeremi, bul ñaanal askan wii.
Bu leen tinul, bu leen dagaanal. Ndax kat
keroog bu ñu nekkee ci seen musiba, ba
naan ma wóoy, du maay déglu.

*Aji Sax ji dëddu na soppeem*

*Yàllaay wax*

15 «Ana lu samay soppe di defati sama kër?
Ñu bare ci ñoom a ngi def lu bon.
Ndax seeni sarax man naa far seen jëf ju ñaaw,
ba tax bu ñuy def lu bon, di ko bége?»

*Yeremeey wax*

16 Oliw naat, jekki doom;
nii la leen Aji Sax ji tudde woon,
waaye riir mu réy lay jibal,
jafal ko, mu tàkk,
taar réer car ya, meŋŋ.
17 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi leen jëmbatoon,
moo leen tuddal lu bon, ne:
«Waa kër Israayil ak Yuda ñoo def lu bon,
di taalal Baal cuuraay, ba merloo ma.»

*Ñu ngi fexeel Yeremi*

18 Aji Sax jee ma xamal, ma xam,
ba gis seeni jëf.
19 Ndax damaa naagu woon ni xar
mu ñu jëme rendikaay ba.
Xawma woon ne man lañuy lalal ay pexe,
naan: «Nan gor garab ak doomam,
dagge ko fi réewum boroom bakkan,
ba deesul fàttalikooti turam.»

20 Ma ñaan Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
kiy àtte dëgg, di nattu xel ak xol, ne ko:
«Yaw laa diis sama mbir,
won ma seen mbugal.»
21 Moo tax Aji Sax ji wax lii ci mbirum
waa Anatot, ñiy wut sama bakkan, naan
ma: «Baal di jottali kàdduy waxyu ci turu
Aji Sax ji, lu ko moy nu rey la.»
22 Moo tax kay Aji Sax ji Boroom gàngoor
yi wax ne: «Maa ngii di wàccesi mbugal fi
seen kaw; seen xale yu góor ñu reye leen
saamar; seeni doom, góor ak jigéen, dee ak
xiif.
23 Aw nit, duñu ko dese; maay wàcceel
waa Anatot safaan, bu seen atu mbugal
taxawee.»

# 12

*Yeremee ngi ñaxtu*

1 Aji Sax ji, yaa dëggu,
ak li may tawatsi fi yaw lépp.
Teewul ma di la diis mbir ci say àtte:
lu tax ku bon di baaxle,
bépp workat bu bon di féex?
2 Yaa leen jëmbat, ñu sampi reen,
law ba meññ;
jegeñal la seen làmmiñ,
te fekk nga sore seen xol.
3 Waaye yaw Aji Sax ji, xam nga ma;
gis nga ma, seetlu sama xol ci yaw.
Diri leen niy xar yu ñuy rendi,
beral leen bésub rendi.

4 Ba kañ la réew mi naa sereŋ,
gàncaxu tool yépp di lax?
Rabu àll ak njanaaw a ngi sànku
ngir mbonug ñi fi dëkk
te naan: «Moom de xoolul sunu muj!»

*Yàllaay tontu*

5 «Ndegam boroom ñaari tànk ngay rawanteel, xoox,
nooy rawanteeki fas?
Soo wóoluwul lu moy àll bu ne yàmblaŋ,
nooy def ak gottub Yurdan?
6 Say bokk ak sa waa kër baay sax,
ñoom it wor nañu la,
ñoom it xaacu nañu, sam la;
te bu ñu lay wax jàmm it,
bu leen gëm.

7 «Dëddu naa sama kër,
maa wacc sama séddoo,
wacce sama soppey xol loxol noonam.
8 Sama séddoo ngi may niru léegi gaynde ci gott bi,
di ma xiiru, ba tax ma jéppi ko.

9 Sama séddoo baa ngi may saf tan mu
todde
mu moroomi tanam gaw.
Doxleen dajaleji rabi àll yépp,
indi leen ci bernde ji.
10 Gàngooru sàmm a sëxëtoo sama tóokëru
reseñ,
joggati sama waar,
def waar wi ma neex
màndiŋ mu ne maraas.
11 Def nañu ko gent buy jooy fi sama kaw,
réew mi mépp gental a gental,
te saful kenn.
12 Tundoo tund wu ne faraas fi màndiŋ mi,
ay yàqkat a ngi ciy bawoo,
doon saamaru Aji Sax ji, di mëdd réew
mépp,
cat ba cat,
jàmm réer luy dund!
13 Jiwum pepp, góob ay dég;
sonn, ñàkk yool,
xanaa mbetteel ci meññeef mii sababoo
ci merum Aji Sax ji.»

### *Aji Sax ji artu na dëkkandooy Israayil*

14 Aji Sax ji dafa wax ne: «Mboolem sama
dëkkandoo yu bon yi laal céru suuf bi ma
sédd Israayil sama ñoñ, maa ngii di leen
déjjatee seen réew, te waa kër Yuda, maa
leen di seppee fi seen biir.
15 Waaye bu ma déjjatee yooyu xeet ba
noppi, dinaa leen dellu yërëm, ku nekk,
ma delloo ko céram, ku nekk ak suufam.
16 Waaye bu ñu royee ba roy sama ñoñ,
di jëfe ni sama ñoñ wara jëfe, di giñe sama
tur naan: "Giñ naa ko ci Aji Sax jiy dund,"
na ñu daan royloo sama ñoñ, ba ñuy giñe
Baal, tuur mi, su boobaa ñu sampu fi sama
biir ñoñ.
17 Waaye xeet wu ma ci déggalul, xeet
woowu dama koy déjjati, déjjat, sànk leen.»
Kàddug Aji Sax jee.

## 13

### *Colu Yeremi misaal la*

1 Aji Sax ji da maa wax ne ma: «Demal
jëndi njiitlaayu lẽe*, nga sol ko, te bu ko
ndox laal.»
2 Ma jënd tubéy ji, sol ko, muy la Aji Sax
ji wax.
3 Aji Sax ji dikkal ma ñaareel bi yoon, ne
ma:
4 «Jëlal tubéyu njiitlaay ji nga sol, te daldi
dem ba Farat†, nga làqi ko fa ca xar-xaru
doj ya.»
5 Ma dem làqi ko Farat, muy la ma Aji
Sax ji sant.
6 Ñu dem ba mu mat ay fan yu takku, Aji
Sax ji ne ma: «Demal Farat, jëli tubéyu
njiitlaay ja ma la santoon nga làqi ko fa.»
7 Ma dem fa ma làqoon tubéy ja, sulli ko.
Ndeke tubéy ja yàqu na, ba amatul njariñ!
8 Kàddug Aji Sax ji dellu dikkal ma, ne
ma:
9 «Aji Sax ji dafa wax ne: Ni lii yàqoo, ni
laay sàggee sagub Yuda ak sagu Yerusalem
bu réy bi.
10 Askan wu bon wii bañ maa déggal, të
ticc di wéye seen coobare, di topp yeneen
yàlla, di leen jaamooka sujjóotal, nañu mel
ni tubéyu njiitlaay jii amul benn njariñ.
11 Ndax ni tubéyu njiitlaay di taqe ci
luppu nit, noonu laa jële woon waa kër
Israayil ak waa kër Yuda, taqoo leen.»
Kàddug Aji Sax jee. Mu ne: «Maa ko def ngir
ñu doon sama ñoñ, teral sama tur, di sama
ndam, di sama sag. Waaye déggaluñu ma.

### *Yàlla misaal na sànjam*

12 «Nga wax leen kàddu gii: "Aji Sax ji
Yàllay Israayil dafa wax ne: Njaqal biiñ,
duy, mu fees." Bu ñu la nee: "Xanaa dañoo
xamul ne njaqal biiñ lu ne dina fees?"
13 nga ne leen: "Aji Sax ji dafa wax ne:
Muy buur yi toogal Daawuda cib jalam, di
sarxalkat yi, di yonent yi, di mboolem waa
Yerusalem, maa ngii di duysi mboolem
waa réew mii, ba ñu fees ak màndite.
14 Su ko defee ma fenqe ku nekk ak
mbokkam, fenqe waajur ak doom, ñoom
ñépp."» Kàddug Aji Sax jee. Mu ne: «Duma
ñéeblu, duma yërëm, duma leen ñeewantee
sànk.»

### *Dégloo, balaa yeex*

15 Dégluleen te teewlu, buleen fétteeral.
Aji Sax ji kat wax na!
16 Teralleen seen Yàlla Aji Sax ji,
bala moo lëndëmal,
ngeen tërëfe tundi timis,

* **13.1** ***njiitlaay*** li ñuy wax fii, séru njiitlaay lu gàtt lay doon. † **13.4** ***Farat,*** béreb la bu bokkul ak dexu Efraat doonte neexoo nañuy tur.

di séentu leer,
mu lëndëmal ba mu ne këruus,
fatt taraj.
17 Bu ngeen déggul de,
ma làqu, jooy seen reewande,
sama rongooñ tuuroo tuuru,
ma jooy a jooy,
ndax dees na jàpp géttu Aji Sax ji, yóbbu.

### *Mbugal a ngii*

18 Waxal Buur, wax Lingeer yaayu Buur ne leen:
«Dëjuleen fi suuf,
seen mbaxanam nguur mu yànj foq na.
19 Dëkki Negew yu mag yi tëje na,
te kenn du ko tijji.
Yuda gépp ca ngàllo ga, Yuda ba mu daj, ngàllo ga.»

### *Yerusalem am na gàcce*

20 Yerusalemee, séentul, xool ñiy jóge bëj-gànnaar.
Moo, ana gétt gi ñu la dénkoon,
sa gàtt yu rafet ya?
21 Sa xejj yi nga miinal sa bopp,
bu ñu walbatikoo tiim la,
ana looy wax nag?
Kon mitit du la jàpp,
nga mel ni kuy matu?
22 Soo nee ci sam xel:
«Lu tax lii dal ma?»
xamal ne sa ñaawtéef gu réy a waral
ñu ñori la, saay-saaye la.
23 Ana ab Kuuseen bu mana soppi deram,
mbaa am segg mu mana fari tipp-tippam?
Kon nga mana def lu baax
te tàmma def lu bon!

### *Yàllaay wax*

24 «Maa lay tasaare ni boob buy naaw
bu ngelawal màndiŋ mi wal.
25 Loolooy sa wàll,
sa cér bi ma la nattal.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Yaa ma fàtte,
di yaakaari caaxaan.
26 Man it maay ëñ sa pendal,
muure sa kanam,
saw taat ne duŋŋ.
27 Sag njaalook sa ŋexali caga,
sa gànctu gu ruslu
ci kaw tundi àll bi!
Maa gis sa jëf ju siblu jooju!
Musibaa yaw Yerusalem!
Foo àppal sa jëfi sobe ji?»

# 14

### *Maral dikk na*

1 Kàddug Aji Sax jii dikkaloon na Yeremi,
jëm ca maral ma. Mu ne:
2 «Waa Yudaa ngi ñaawlu,
doole dëddu dëkk yi,
ñu ne yogg, ne lasar fi suuf,
yuux jollee Yerusalem.
3 Kàngam ya yebal seeni surga, ñu rooti;
ñu dem, gisuñu ndox ca mbalka ya,
délseek seen xotti ndab,
jàq, yaakaar tas, ñu muuru di tiislu.
4 Réew mi tawluwul, suuf si fett,
yaakaaru beykat tas, mu muuru, di tiislu.
5 Kéwél sax jur ci àll bi, sànni
ndax ñàkkum ñax.
6 Mbaamu àll taxaw ci tund yi ne faraas,
di àppaat niw till,
ñàkk parlu, gët ya giim.»

### *Yeremeey wax*

7 Dëgg la sunuy ñaawtéef a nu tuumaal,
waaye éy Aji Sax ji, jógal te saw tur tax,
doonte dëddu nanu la ay yooni yoon, moy la.
8 Éy yaw, yaakaaru Israayil, mi nuy wallu bésu njàqare,
bul ñooru ni doxandéem ci réew mi,
mbaa ku nekk ciw yoon, jàdd fi, fanaan.
9 Ngalla bul mel ni ku waaru,
mbaa jàmbaar ju manul walloo.
Yaw Aji Sax ji, yaa ngi sunu biir,
ñu di nu tudde saw tur.
Bu nu wacc!
10 Aji Sax ji dafa wax ci askan wii ne:
«Ñeeka bëggub taxawaalu, baña téye seen
tànk. Moo tax man Aji Sax ji bégewuma
leen. Léegi ma bàyyi xel seenug mbon, ba
mbugale leen seeni moy.»

### *Kàdduy waxyuy caaxaan jib na*

11 Aji Sax ji nag ne ma: «Bul ñaanal askan
wii njekk.
12 Su ñu ci boole woon koor sax, duma
déglu seeni dagaan. Su ñu ma doon
sarxalal saraxu rendi-dóomal ak saraxu
pepp it, du maa leen di nangul. Xanaa
saamar akub xiif ak mbas kay laa leen di
faate.»
13 Ma ne ko: «Éy Boroom bi Aji Sax ji,
yonent yaa ngii di leen wax ne duñu

dajeek saamar, duñu xiif te jàmm ju ne
ñoyy nga leen di defal fi bii béreb.»
14 Aji Sax ji ne ma: «Kàdduy waxyuy fen
la yonent yiy jottali ci sama tur. Yebaluma
leen, santuma leen ko, waxumaak ñoom.
Peeñuy fen ak ngisaaney neen ak nax yu
ñu fental seen bopp lañu leen di jottalee ay
kàdduy yonent.»
15 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne:
«Yonent yi ma yebalul te ñuy wax ay
kàdduy waxyu ci sama tur naan: “Saamar
akub xiif du am ci miim réew,” saamar
akub xiif ay mujje yooyu yonent.
16 Ñi ñu doon jottali ay kàdduy waxyu it,
xiif ak saamar a leen di rey, ñu sànni seeni
néew ci mbeddi Yerusalem, te duñu am ku
leen rob, ñook seeni jabar ak seeni doom,
góor ak jigéen. Dinaa leen xëpp seen ay.
17 «Nanga leen yégal saw tiis, ne leen:
“Naa tuur rongooñ guddeek bëccëg,
te du fer;
sama bokk yi ma sopp damm ba
dammatoo,
ndaw góom bu metti!
18 Ma dem, xool àll,
gisuma lu moy ñu saamar bóom,
ma dugg biir dëkk,
gisuma lu moy ñu ne làcc akub xiif,
yonent ak sarxalkat di wër réew mi,
xam-xam réer leen.”»

## *Yeremee ngi tinu Aji Sax ji*

19 Aji Sax ji, wacc ngaa wacc Yuda nii?
Am Siyoŋ a la génnliku?
Lu tax nga di nu dumaa musiba mu amul
paj?
Nuy yaakaar jàmm, dara baaxul,
nuy séentum paj, tiitaange ne jaas!
20 Aji Sax ji, xam nanu sunug mbon,
xam sunu ñaawtéefi maam;
moy nanu la moos.
21 Waaye seetal ci sa tur te bu nu xalab,
bul teddadil sa jal bu tedd.
Bàyyil xel te baña fecci sa kóllëreek nun.
22 Xërëmi neen yi yéefar yiy jaamu,
ana ku ci mana taw?
Am asamaan ay sóobal boppam ay
waame?
Du yaw la Aji Sax ji sunu Yàlla?
Yaw lanu yaakaar,
te loolu lépp, yaw a.

# 15

## *Aji Sax ji àddu na*

1 Aji Sax ji nag ne ma: «Musaa ak Samiyel
sax, bu ñu taxawoon fi sama kanam, du
tax ma faale askan wii. Dàqal, ñu sore ma,
te wéy.
2 Bu ñu la laajee ne la: “Fu nu jëm?” nga
wax leen ne leen:
“Aji Sax ji dafa wax ne:
Kiy wopp dee, wopp dee;
kiy deewe saamar, deewe saamar;
kiy deewe xiif, deewe xiif;
kiy duggi ngàllo, duggi ngàllo.”
3 «Te dinaa wàcce fi seen kaw ñeenti
xeeti duma.» Kàddug Aji Sax jee. «Saamar
di bóom; xaj diri yóbbu, njanaaw ak rabu
àll for, mu jeex.
4 Dama leen di def, waa réewi àddina
yépp, ku leen ci xool rasu. Te li ko waral di
Buurub Yuda, Manase miy doomu
Esekiyas, ak li mu def ci digg Yerusalem.

## *Mbugalu Yuda du jaas Yàllaay wax*

5 «Yerusalemee, ku lay yërëm?
Ku lay jooy?
Moo, ku lay geesu ne la: “Jàmm nga am?”
6 Yaw yaa ma wacc, kàddug Aji Sax jee,
dellu gannaaw,
ma duma la, sànk la.
Muñ naa ba sonn.
7 Maa leen bees ni ñuy beesem pepp
ci pénci réew mi.
Maa sànk sama ñoñ,
faat seeni doom,
ndax tuubuñu seeni jëfin.
8 Seeni jëtun laa ful,
ba ñu ëpp suufas géej,
ma indil leen pàddum njolloor,
mu reyal yaay doomi waxambaaneem,
këpp ko tiitaangeek njàqare.
9 Yaayu juróom ñaari góor loof, di àppaat,
jantam sowe bëccëg ndarakàmm,
yaakaar tas, mu jàq,
seenu ndes, ma leel saamaru noon.»
Kàddug Aji Sax jee.

## *Aji Sax ji feddali na yebam Yeremeey wax*

10 Wóoy saa ndey,
loo ma doon jure!
Man mi réew mépp di xulooka layool,

leblewuma, lebuma;
te ñépp di ma móolu.
11 Ndaxam Aji Sax ji nee:
«Maa lay xettali déy, ngir sottal lu baax;
maa la defal sa noon di la tinu déy,
ci janti safaan ak njàqare.»

*Yàllaay wax ak Yerusalem*

12 «Ku mana toj weñ gu ñuul,
rawatina yetu weñu bëj-gànnaar, mbaa
xànjar?
13 Yeen waa Yuda, seen alal ak seeni denc
laay jox ñu ko sëxëtoo te feyuñu
ndax seen gépp moy ci seen réew mépp.
14 Maa leen di def seen jaami noon
réew mu ngeen xamul,
sama mer jippét, tàkkal leen.»

*Yeremeey wax*

15 Yaw déy Aji Sax ji, xam nga!
Ngalla bàyyi ma xel, geesu ma;
feyul ma ñi ma sam.
Bu leen muñal ba sànk ma!
Xamal ne yaa ma tax di dékku saaga.
16 Sa kàddu laa gis, di ko dunde,
sa kàddu di ma bégal, bànneexal sama xol.
Yaw Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, déy,
sa tur lañu ma tudde.
17 Masumaa toogandook ñiy mbumbaay
bay xawaare.
Yaa ma jiite, ma beru, toog,
ndax mer mi nga ma sol, ba ma fees.

18 Moo, sama tiis wi du dakk a?
Bii góom bu metti, tëë wér!
Yaw kay yaay waltan muy wal, di ŋiis,
di tas sama yaakaar.

19 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne:
«Soo délsee, ma delloosi la,
nga dellu di ma liggéeyal.
Soo dee wax ngëneel
lu soreeki caaxaan,
dinga mel ni yaay sama làmmiñ,
te nit ñeey délsi ànd ak yaw,
waaye du yaay délsi ànd ak ñoom.
20 Maa lay def nga mel ci gis-gisu askan wii
ni tatay xànjar ju ñu dàbbali,
ñu di la song
te duñu la man.
Maay ànd ak yaw,
di la wallu, di la xettali.»
Kàddug Aji Sax jee.
21 «Ab soxor jàpp la, ma àtte;
ab néeg ne la céex, ma foqati.»

# 16

*Yeremi wéet na ci biiri bokkam*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkalati ma, ne ma:
2 «Bul jël jabar,
bul am doom ju góor mbaa ju jigéen ci bii
béreb.»
3 Aji Sax ji kat dafa wax ci gone yu góor
yeek gone yu jigéen
yi juddoo ci bii béreb,
wax ci seen ndey yi leen jur
wax ci seen baay yi leen meññ ci mii réew,
4 mu ne: «Jàngoroy dee a leen di rey.
Deesu leen jooy, deesu leen rob.
Seeni néew ay tosal suuf.
Saamar akub xiif a leen di sànk,
seeni néew leel njanaaw ak rabi àll.»
5 Te Aji Sax ji kat dafa wax ne:
«Bul dugg kërug dëj,
bu fa dem di ñaawlooka jaale.
Maa xañ askan wii sama jàmm,»
kàddug Aji Sax jee,
«xañ leen sama ngor ak sama yërmande.
6 Ku mag ak ku ndaw ay dee ci réew mii,
te deesu leen rob,
deesu leen jooy.
Kenn du dagg yaramam
mbaa muy nelu, di ko ñaawloo.
7 Kenn du leen sédd aw ñam
wu ñuy dëfale ku deele,
kenn du leen joxub kaas, dëfale leen,
doonte baay a dee mbaa ndey.
8 Kërug bernde it, bu fa dugg,
di toogandoo, di lekk aka naan.»
9 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom gàngoor
yi kat dafa wax ne:
«Maa ngii di dakkal ci bii béreb,
ngeen teewe, fekke lépp
luy coowal mbégteek bànneex,
boroom séet ak séetam selaw.
10 «Su ko defee, boo waxee askan wii
kàddu yooyu yépp, ñu ne la: “Ana lu waral
Aji Sax ji dogalal nu musiba mu réy mii
mépp? Ana fu nu tooñe ak fu nu moye
sunu Yàlla Aji Sax ji?”
11 Nga wax leen nag ne leen: “Seeni
maam a ma wacc,” kàddug Aji Sax jee, “di
topp yeneen yàlla, di leen jaamooka

sujjóotal. Man nag, ñu dëddu ma; sama
yoon it, ñu bañ koo sàmm.
12 Yeen nag, ngeen di bon, ba raw seeni
maam. Yeena ngii, ku nekk të ticc, topp
xolam bu bon, bañ maa déggal.
13 Maa leen di dàqe ci réew mii, jëme réew
mu ngeen xamul, seeni maam xamuñu ko,
ngeen di fa jaamu guddeek bëccëg yeneen
yàlla, ndax dootuma leen baaxe."

### *Yaakaar jeexul*

14 «Waaw ay bés a ngi ñëw déy,» kàddug
Aji Sax jee, «deesatul wax ne: "Giñ naa ko ci
Aji Sax jiy dund te génne bànni Israayil
réewum Misra."
15 Waaye dañu naan: "Giñ naa ko ci Aji
Sax jiy dund, ki jële bànni Israayil réewum
bëj-gànnaar, te jële leen mboolem réew ya
mu leen sànke woon." Maa leen di delloosi
seen réew ma ma joxoon seeni maam.

### *Kenn rëccul mbugal mi*

16 «Maa ngii di woolu nappkat yu bare.»
Kàddug Aji Sax jee. «Ñu napp ñii ba noppi,
ma woo rëbb yu bare, ñu rëbb leen ci kaw
mboolem tund wu mag ak wu ndaw, ba ci
bépp xar-xaru doj.
17 Samay bët a ngi ne jàkk déy ci seeni
jëf. Dara umpu ma ci. Seeni ñaawtéef, dara
rëccu ma ci.
18 Dama leen di njëkka fey ñaari yoon
seeni moy, ndax ñoo sobeel sama réew
meek seen méddi tuur yu bon yi, feesal
suuf sii ma séddoo seen yëf yu siblu
yooyu.»

### *Ñépp ay ràññeeji Aji Sax ji*
### *Yeremeey wax*

19 Yaw Aji Sax ji may dooleel,
di ma feg, di ma làq bésub njàqare,
yaw la xeet yiy bawoo cati àddina,
fekksi la, naan:
«Caaxaani neen kay la sunuy maam baaxoo
woon,
xërëmi neen yu amul njariñ.
20 Ndax nit man naa sàkkal boppam ay
yàlla?
Te duñuy yàlla sax!»

### *Yàllaay wax*

21 «Moo tax maa ngii di leen xamal bii
yoon,
ba ñu xam sama diisaayu loxook sama
doole,
xam ne maay Aji Sax ji.

## 17

### *Aji Sax ji sikk na waa Yuda*

1 «Bàkkaaru waa Yuda lañu binde xaccug
weñ
gu cat la di doj wu dëgër.
Dees koo ñaas ci seen àlluway xol,
ñaas ko ci seen béjjéni sarxalukaay.
2 Seeni doom sax di bàyyi xel seeni
sarxalukaay
ak seen xer yi ñuy màggale tuurum Asera
fi ker garab yu naat yeek
kaw tund yu mag yi
3 ak kaw tund yi ci àll bi.
Seen alal ak seen denc yépp
laay joxe, ñu lël ko,
booleek seen bérebi jaamookaay
ndax seen moy yi dajal réew mi.
4 Dingeen xañ seen bopp cér bi ma leen
séddoon,
ma def leen seen jaami noon
ci réew mu ngeen xamul,
ndax merloo ngeen ma
mer mu dul fey mukk.»

### *Aji Sax jee jara yaakaar*

5 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Alkànde ñeel na ku yaakaar doom aadama
ak képp kuy doolewoo nit,
dëddu Aji Sax ji.
6 Day mel ni gajjub ndànd-foyfoy,
du gis ngëneel luy dikk!
Day dëkk ci màndiŋ mu wow koŋŋ,
suufas xorom su kenn dëkkul.
7 Waaye barke ñeel na ku wóolu Aji Sax ji,
yaakaar Aji Sax ji.
8 Day mel ni garab gu saxe wetu ndox,
lawal ay reenam ca wal ma,
ragalul tàngoor wu dikk,
xob ya di naat.
Du tiit atum maral,
du ñàkk meññeef.

9 «Dara gënula dëng xelum nit,
laago la ci moom.
Ana ku ko mana xam?
10 Maay Aji Sax jiy seetlu xel,
di natt ab xol,
di yool ku nekk jëfinam,
la yellook añam.
11 Kuy jagoo alal ju lewul,

mooy picc mu toj lu mu nenul.
Kookooy tollu digg dooleem, alal ja dëddu,
mu mujj dof.»

*Yeremeey wax*

12 Sunu kër gu sell gi,
mooy ngànguney daraja, daa masa kawe.
13 Yaw Aji Sax ji yaakaaru Israayil,
ku la wacc, torox;
ku la dëddu daa repp.
Moo wacc Aji Sax ji, bëtu ndox miy dund.

*Yeremi ñaan na Yàlla wall*

14 Éy Aji Sax ji, faj ma, ma faju;
musal ma, ma mucc,
samag cant, yaw a.
15 Ñu ngii naa ma:
«Ana la Aji Sax ji waxoon?
Na dikk boog!»
16 Man de, bañuma laa sàmmal, topp la;
bésub tiis it dagaanuma ko.
Yaw de xam nga ko.
Li ma wax it fi sa kanam la.
17 Bu ma teg tiitaange,
yaay sama rawtu bésub safaan.
18 Ngalla gàcceelal ñi ma topp,
te bu ma gàcceel;
yal nañu tiit, ñoom,
te man, ma baña tiit.
Rikk dikke leen bésub safaan,
rajaxe leen ñaari yoon.

*Bésub Noflaay ñeel na Aji Sax ji*

19 Aji Sax ji da maa wax ne ma: «Demal
taxawi ca buntu Doomi réew mi, fa
buurub Yuda di duggeeka génne. Te nga
taxaw itam ca mboolem bunti Yerusalem
ya ca des.
20 Nga ne leen: “Dégluleen kàddug Aji Sax
ji, yeen buuri Yuda ak yeen waa Yuda
gépp ak képp ku dëkk Yerusalem, di jaare
ci bunt yii.
21 Aji Sax ji dafa wax ne: Moytuleen
seen bopp ba baña gàddu lenn ci bésub
Noflaay, di ko jaarale bunti Yerusalem.
22 Buleen génne seeni kër lenn ci bésub
Noflaay te buleen ci liggéey lenn. Waaye
nangeen sellal bésub Noflaay, muy la ma
santoon seeni maam.
23 Ndaxam dégluwuñu ma, teewluwuñu
ma, xanaa të ticc, baña dégg, di gàntal
ndigal.
24 Waaye su ngeen ma dégloo ba déglu
ma, kàddug Aji Sax jee, baña gàddu lenn di
jaare bunti dëkk bii bésub Noflaay, xanaa
di sellal bésub Noflaay, bañ cee liggéey
lenn,
25 su boobaa buur yiy tooge jalub
Daawuda, tey dawal watiir aki fas, ñook
seeni kàngam, duñu noppee jaare ci bunti
dëkk bii, feggook seeni kàngam. Waa
Yudaak waa Yerusalem it di jaare ci bunt
yii, su ko defee dëkk bi sax dàkk.
26 Dees na bàyyikoo dëkki Yuda ak li wër
Yerusalem ak diiwaanu Beñamin, ca suufu
tund waak kaw tund ya ak ca diiwaanu
Negew. Am na ñuy indi ci kër Aji Sax ji ay
saraxi rendi-dóomal ak yeneen saraxi jur
ak saraxu pepp ak cuuraay. Am ñuy indi ci
kër Aji Sax ji saraxi cant.
27 Waaye su ngeen ma déggalul, baña
sellal bésub Noflaay, baña moytoo gàddu
lenn, di jaare bunti Yerusalem bésub
Noflaay, su boobaa dinaa taal dëkk bi taal
buy xoyom këri Yerusalem yu yànj yi, te
du fey.”»

# 18

*Boroom njaq doon na misaal*

1 Kàddu gii dikkal na Yeremi, bawoo fa
Aji Sax ji. Mu ne ko:
2 «Dalal di dem ca tabaxkatu njaq ba.
Foofa laa lay dégtale sama kàddu.»
3 Ma daldi dem ba ca kër tabaxkatu njaq
ba. Ma fekk ko muy liggéey ca
tabaxukaayu njaqam.
4 Lée-léeg ndab li tabaxkat biy tabaxe
ban yàqu ci loxoom, mu dellu defaraat ba
mu baax ci moom.
5 Kàddug Aji Sax ji nag dikkal ma ne ma:
6 «Nii tabaxkatu njaq bii di defe, ndax
dama koo manula def ak yeen, bànni
Israayil?» Kàddug Aji Sax jee. «Ban bii déy,
ni mu mel ci loxol tabaxkatu njaq bi, ni
ngeen mel ci sama loxo, yeen bànni
Israayil.
7 Léeg-léeg ma wax lu jëm ci aw xeet
mbaa am réew, ne dinaa ko déjjati, daaneel
ko, tas ko,
8 xeet woowu tuub mbonam gi ma leen
doon artoo, ma fomm musiba mi ma
naroona wàcce ci seen kaw.

9 Lée-léeg it ma wax lu jëm ci aw xeet
mbaa am réew, ne dinaa ko tabax, jëmbat
ko
10 ba noppi ñu def lu ma ñaawlu, baña
dégg sama kàddu. Su ko defee ma fomm lu
baax la ma leen naroona baaxe.
11 Kon waxal boog waa Yuda ak waa
Yerusalem ne leen: “Aji Sax ji dafa wax
ne: Maa ngi nii di leen tabaxal musiba ci
pexe mu ma leen di fexeel. Kon na ku
nekk dëpp yoonam wu bon te jubbanti
jikkoom aki jëfam.”
12 Dañu naan: “Jaru ko, sunu xalaatu
bopp lanuy topp, ku nekk të ticc di jëfe sa
xel mu dëng.”»

### *Israayil fàtte na Aji Sax ji*

13 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne:
«Laajteleen rekk ci xeet yi!
Ku ci masa dégg lu mel nii?
Lu ñaawa ñaaw la Israayil, janq ba, def!
14 Ku masa gis fu tawub yuur gedde
mbartali Libaŋ,
mbaa wal mu sedd ma cay wale fu sore
ŋiis?
15 Moona sama ñoñ fàtte nañu ma;
tuuri caaxaan, ñu taalal cuuraay,
te tuur yi di leen fakkastal ci seeni yoon,
seen jaaruwaay ya woon,
di leen jaarale ñall yu kenn xàllul,
16 ba seenum réew gental,
di lu ñuy muslu fàww,
ku fa romb waaru, wëcc bopp.
17 Maay mel ni ngelawal penku, tasaare
leen,
ñu daw seeni noon.
Gannaaw laa leen di won,
waaye du doon kanam,
keroog seen bésu ay.»

### *Fexeel nañu Yeremi*

18 Ba mu ko defee, mu am ñu ne:
«Aywaleen, nu lalal Yeremi pexe. Ndax kat
soxlawunu ko ba di ci ñàkk dara: du
njàngalem sarxalkat, du digley boroom xel
te du kàdduy waxyu yu yonent jottali.
Nanu ko duural ba sànk ko te baña faale
lenn ciy waxam.»
19 Waaye yaw Aji Sax ji, teewlu ma
te déglu kàddug noon yi.
20 Ndax lu baax dees na ko feye lu bon?
Moona gasal nañu ma am yeer, di ma tëru.
Bàyyil xel ba may taxaw fi sa kanam,
di leen tinul ngir nga moyale leen sa mer.
21 Kon nag bàyyil seeni doom ñu xiif ba
dee,
jañax leen ci ñawkay saamar,
seeni jabar suul doom, suul jëkkër,
seeni góor loroo mbas,
seeni waxambaane daanu ci xare.
22 Boo jekkee yebal gàngoor,
yal na yuux jibe seeni kër.
Ñoo gasum yeer, di ma rëbb,
làqal may fiir.
23 Waaye yaw Aji Sax ji, xam nga mépp
pexe
mu ñu may fexee bóome.
Bu leen jéggal seen ñaawtéef,
bul far seeni moy,
yal nañu nërmeelu fi sa kanam,
jëflanteel ak ñoom bi ngay mer.

## 19

### *Njaq la toj na*

1 Aji Sax ji dafa wax ne: «Demal ca
tabaxkatu njaq ba, nga jëndi fa njaqu ban
lu ndaw te ànd ak ñenn ci magi askan wi
ak ñenn ci magi sarxalkat yi,
2 te nga dem ba ca xuru Ben Inom, ca
buntu Tojitu njaq ya, daldi fay yéene kàddu
yi ma lay wax.
3 Danga naan: “Yeen buuri Yuda, yeen
waa Yerusalem, dégluleen kàddug Aji Sax ji.
Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom gàngoor yi
dafa wax ne: Maa ngii di wàcce fi bii béreb,
musiba muy buur noppi képp ku ci dégg.
4 Li ko waral mooy dañu maa wacc,
teddadil béreb bii, di fi taalal cuuraay
yeneen yàlla yu ñu xamuloon, du ñoom, du
seeni maam, du buuri Yuda. Te feesal
nañu béreb bii deretu nit ñu deful dara.
5 Yékkatil nañu fi Baal tuur mi bérebi
jaamookaay, di ci lakk seeni doom ngir
Baal, defal ko ko saraxi rendi-dóomal, te
santaanewuma ko, waxuma ko, jaarul sax
sama xel.
6 «“Moo tax ay bés a ngii di ñëw,”» kàddug
Aji Sax jee, «“su boobaa deesatul woowe
bérebu jaamookaay bii Tofet mbaa xuru
Ben Inom, waaye xuru Bóomukaay.
7 Maay neenale fii pexem Yudaak
Yerusalem. Maa leen di tërale seen
saamaru noon, ñi leen di tëru, tër leen;
seeni néew, ma leele njanaaw ak rabi àll.

8 Maay def dëkk bi ab gent bu ñuy muslu,
ku fi jaare waaru, di muslu ci seen mbugal
yépp.
9 Maa leen di yàpploo seen doom yu góor
ak yu jigéen, ku nekk di yàpp sa moroom ci
biir njàqare, ndax gaw bu metti, bu leen
seen noon yi leen di tëru di gaw.”
10 «Gannaaw loolu nanga toj njaq lu ndaw
li fi kanam ñi nga àndal,
11 te nga ne leen: “Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Askan wii ak dëkk
bii, ni ñuy toje njaq, ba deesatu ko mana
defaraat, ni laa koy tojate. Bérebu Tofet bii
dees na fi rob ndax ñàkk fu ñu robe.
12 Noonu laay def béreb bii,” kàddug Aji
Sax jee, “ak ñi fi dëkk. Maay def dëkk bii ni
Tofet.
13 Këri Yerusalem ak këri buuri Yuda
dina fees ak sobe ni béreb bii di Tofet.
Mooy mboolem kër yu ñu doon taalal
cuuraay ca kaw taax ya, ñeel biddiiw yépp,
ak di fa tuural yeneen yàlla.”»
14 Gannaaw ba Yeremi walbatikoo Tofet,
béreb ba ko Aji Sax ji yebaloon mu àgge
leen kàdduy waxyu yooyu, dafa taxawi ca
ëtti kër Aji Sax ji, daldi wax ak mbooloo
ma mépp. Mu ne leen:
15 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Maa ngii di wàcce
ci kaw dëkk bii ak mboolem li ko wër, lépp
luy musiba mu ma dige woon, ndax
dangeena të ticc, baña dégg sama kàddu.»

# 20

### *Tëj nañu Yeremi*

1-2 Ci kaw loolu, Pasur doomu Imer,
sarxalkat ba jiite woon saytub kër Yàlla ga,
ba mu déggee Yonent Yàlla Yeremi muy
jottali kàdduy waxyu yooyu, mu dóorlu ko,
jéng ko ca buntu kër Aji Sax ja féete kaw, te
ñu dippee ko Beñamin.
3 Ca suba sa Pasur yiwee ko ca jéng ba.
Yeremi ne ko: «Aji Sax ji tuddeetu la Pasur;
Magor-Misabib (muy firi Tiitaange ju
dajal) la la tudde.
4 Ndax Aji Sax ji dafa wax ne: “Maa ngii
di la wàcceel tiitaange, yaak sa soppe yépp,
seen saamaru noon daaneel leen, ngay
gis; te Yuda gépp laay teg ci loxol buuru
Babilon, ñii mu yóbbu leen ngàllo, ñee mu
jam leen, ñu dee.
5 Maay joxe lépp luy alalu dëkk bii.
Mboolem lu fiy njariñ, mboolem gànjar,
mboolem denci buuri Yuda, dinaa ko teg
ci seen loxol noon yi, ñu sëxëtoo, jël, yóbbu
Babilon.
6 Yaw Pasur, yaak sa waa kër yépp ay
duggi njaam ca Babilon. Babilon nga jëm
te fa ngay dee, ñu rob la fa, yaak mboolem
sa soppe ya nga daan àgge ay kàdduy
waxyuy fen.”»

### *Yeremi ñaxtu na*

7 Éy Aji Sax ji, naxtaan nga ma,
ma naagu, nga nax ma,
jaay ma doole, ba man ma.
Ñu ngi may kekku bés bu ne,
ku ne di ma kókkali.
8 Saa yu ma waxee, damay xaacu,
fitnaak salfaañoo ma tax di yuuxu.
Kàddug Aji Sax jee may yóbbey xas
aki saaga bés bu ne.
9 Su ma nee: «Xaaral ma fàtte ko,
dootuma jottali kàdduy waxyu ci turam,»
sama xol bi mel nib taal
bu tàkk, tàbbi sama biir yax yi;
may jéema muutuwaale sa kàddu,
te duma ko man.
10 Dégg naa ñaawlaate yu bare, ñu naan:
«Éey, “Tiitaange ju dajal!”
Booleleen ko, boole rekk!»
Ñi ma séqal jàmm sax,
di yeeru ma fakkastalu,
naan: «Jombul mu juum, nu jekku ko,
ba mana feyu.»
11 Waaye Aji Sax jeek man, di ñeyi xare.
Moo tax ñi may tëru di tërëf, ba duñu daan,
xanaa rus lool, ndax duñu baaxle;
gàcce gu yàgg lay doon te du fey.
12 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, yaw miy
nattu ku jub,
di gis xel ak xol,
may ma, ma gis ni nga leen di feye;
yaw de laa diis sama mbir.

13 Woyleen Aji Sax ji,
màggalleen Aji Sax ji!
Mooy xettali néew-ji-doole
ci dooley ku bon.

14 Alkute ñeel na bés ba ma juddoo,
bés ba ma saa ndey juree,
yàlla bumu barkeel.

15 Alkute ñeel na ka ko yegge baay,
ne ko: «Sa soxna am na doom ju góor,»
ba tax baay bég a bég.
16 Yal na kooku mel ni dëkk
yi Aji Sax ji tas te yërëmu leen!
Yal na dégg yuuxi suba teel
ak xaacuy xarey njolloor.
17 Moo ma reyul ci sama biiru ndey,
ma bàmmeeloo sama ndey,
te du wasin mukk.
18 Ana lu ma doon génne ca biiram,
di daj coonooku tiis,
mujje gàcce?

# 21

## *Jéllub Yerusalem jubsi na*

1 Kàddu dikkaloon na Yeremi, bàyyikoo
fa Aji Sax ji. Mooy ba buur Cedesyas
yebalee ca moom, Pasur doomu Malkiya,
mook sarxalkat ba ñuy wax Sofoni doomu
Maaseya. Mu ne ko:
2 «Ngalla seetal nu ci Aji Sax ji, ndax
Nebukatnecar buuru Babilon mu ngi nuy
song xare. Jombul Aji Sax ji defaatal nu
lenn ciy kéemaanam ba mu dellu
gannaaw.»
3 Yeremi nag ne leen: «Waxleen Cedesyas
ne ko:
4 “Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Seen dooley xare ji ngeen yor, di xeexeek
ñi ci biti, di buuru Babilon ak waa Babilon
ñi leen gaw, maa ngii di ko walbati, dajale
ko ci biir dëkk bii.
5 Man mii maay xareek yeen, won leen
sama doole ak sama diisaayu loxo,
xadaru, dikke leen mer mu réya réy.
6 Maay faat lu dëkk ci dëkk bii, nit ak
mala bokk loroo mbas mu réy.
7 Gannaaw loolu nag,” kàddug Aji Sax
jee, “Cedesyas buurub Yuda aki jawriñam
ak askan week ñi des ci dëkk bii te rëcce ci
mbas meek xare beek xiif bi, maa leen di
teg ci loxol Nebukatnecar buuru Babilon
ak seen loxol noon ak loxol ñi leen di wuta
rey. Dina leen leel ñawkay saamar. Du leen
baal, du ñéeblu, du yërëm.”
8 «Te itam nga wax askan wii ne leen:
“Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di teg fi
seen kanam yoonu dund ak yoonu dee.
9 Ku toog ci dëkk bii, dinga deewe xare
mbaa xiif mbaa mbas. Ku génn jébbal
boppam waa Babilon ñi leen gaw nag
dinga dund, bakkanam di yoolu xareem.
10 Jógal naa dëkk bii déy, te loraange laa
leen naral waaye du jàmm.” Kàddug Aji Sax
jee. “Ci loxol buuru Babilon laa koy teg,
mu jafal ko, lakk.”

## *Xibaar ñeel na waa kër buur*

11 «Te it waxal waa kër buurub Yuda ne
leen:
“Dégluleen kàddug Aji Sax ji!
12 Yeen waa kër Daawuda,
Aji Sax ji dafa wax ne:
Àtte yoon, deeleen ko xëye,
di xettali ki ñu xañ dëgg
ci ki koy néewal doole,
balaa sama sànj ne jippét,
di tàkk te deesu ko mana fey
ndax seen jëf ju bon.
13 Yeen ñi jataayoo xur wi,
yeen ñi dëkk ca joorug doj ya, maa ngii fi
seen kaw.”
Kàddug Aji Sax jee.
“Yeen ñi naa: ‘Ku nu manal dara?
Ku jote sunu biiri rawtu?’
14 maa leen di dikke seen añu jëf.”
Kàddug Aji Sax jee.
“Maay jafal sawara, lakk seen gott bi,
mu xoyom lépp lu leen wër.”»

# 22

1 Aji Sax ji dafa wax ne: «Demal kër
buurub Yuda, nga jottali fa kàddu gii.
2 Danga naan: “Dégluleen kàddug Aji Sax
ji, yaw buurub Yuda mi toog ci jalub
Daawuda, yaak say jawriñ ak sa nit ñiy
jaare yii bunt.
3 Aji Sax ji dafa wax ne: Deeleen jëfe
dëgg ak yoon, di xettali ku ñu xañ dëgg ci
ki koy néewal doole. Ab doxandéem, ab
jirim akub jëtun, buleen leen lor, buleen
leen fitnaal. Deretu jàmbur bu deful dara
it, buleen ko tuur ci bii béreb.
4 Su ngeen jëfee ba jëfe santaane bii déy,
buur du noppee dugge yii bunt, di toogal
Buur Daawuda fi jalam, di dawal watiir
aki fas, ànd ak seeni jawriñ ak seeni nit.
5 Waaye su ngeen dégluwul sama
santaane yii, giñ naa ko ci man mii,”
kàddug Aji Sax jee, “ab gent rekk la gii kër
di doon!”»

6 Aji Sax ji déy dafa wax ci mbirum kër
buurub Yuda ne:
«Yaay sama àllub Galàdd,
sama collu tundu Libaŋ,
waaye déy, maa lay def ni màndiŋ,
ngay dëkk yu kenn dëkkul.
7 Maa lay beralal yàqkat
yu fàggu seeni gànnaay,
dàjji sa tànnéefi banti seedar,
sànni ca sawara sa.
8 «Doxandéem yu bare dinañu jaare dëkk
bii, di laajte ci seen biir naan: “Ana lu
waral Aji Sax ji def nii bii dëkk bu mag?”
9 Su ko defee ñu ne leen: “Xanaa li ñu
fecci seen kóllërey Yàlla Aji Sax ji, di
sujjóotal yeneen yàlla, di leen jaamu.”»

## *Lu jëm ci Salum buurub Yuda*

10 Buleen jooy buur Yosya mi dee,
buleen ko ñaawlul,
jooyleen a jooy buur Salum miy dem,
te du délseeti,
ba gis réewum juddoom.
11 Aji Sax ji kat dafa wax ci mbirum
buurub Yuda, Salum mi wuutu baayam
Yosya te bàyyikoo fii. Mu ne: «Du fi délseeti
mukk.
12 Waaye fa ñu ko yóbbu ngàllo, fa lay
deewe. Réew mii, du ko gisati mukk.»

## *Lu jëm ci Yoyakim, kuutaayu Buur Yosya*

13 «Wóoy ngalla kiy tabax këram te seetu ci
njekk,
di teg taaxi kawam te seetu ci yoon,
liggéeyloo moroomam ci dara,
feyu kow ñaqam.
14 Mu ngi naan: “Maay tabax kër gu yaa,
taaxi kaw ya yàmblaŋ.”
Mu bënn ay palanteer,
tafal kër gi banti seedar,
diw ko ba mu xonq curr.

15 «Ndax ëpplante banti seedar da laa def
buur?
Ndax sa baay daawul lekk aka naan?
Teewu koo jëfe dëgg ak yoon,
muy njiglaayam.
16 Da daan sàmm àqu ku ñàkk ak ku néew
doole,
muy njiglaay.
Du looloo di xam maay kan?»
Kàddug Aji Sax jee.

17 «Yaw xooloo,
xalaatoo lu moy loo jariñoo,
ak noo tuure deretu jàmburu Yàlla,
di fitnaale aka lore?»

18 Moo tax Aji Sax ji wax ci mbirum
buurub Yuda, Yoyakim doomu
Yosya, ne:
«Kenn du ko jooy ca mbokkam mu góor
mbaa mu jigéen,
naan: “Wóoy ngalla nun, bokk yi!”
Kenn du ko jooy,
naan: “Wóoy, sang ba, wóoy kilifa ga!”
19 Robu mbaam-sëf lees koy rob:
diri génne Yerusalem,
sànni ca biti.»

## *Yeremi yégle na fitnay Yerusalem*

20 Aji Sax ji nee: «Yeen waa Yerusalem,
yéegileen tundi Libaŋ, yuuxu.
Àddooleen fa Basan, xaacu,
te yuuxoo fa Abarim,
nde seen soppe yépp a rajaxoo!

21 «Waxoon naa leen ko ba ngeen di am
jàmm,
ngeen ne: “Dégluwunu!”
Noonu ngeen jàppoo ba ngeen di ndaw ba
tey,
masuleen maa déggal!
22 Ngelaw dina sàmm seeni sàmm, sànk
leen,
seeni soppe duggi njaam,
ba ngeen rus, torox
ndax seen gépp mbon.

23 «Yaw mi tooge Libaŋ*,
defum tàgg sa garabi seedar,
éy bu la mitit dikkalee,
nirook mititu mat,
ndaw binni yu réy!»

## *Lu jëm ci Buur Kooña doomu Yoyakim*

24 Mu ne: «Giñ naa ko ci man miy dund,»
kàddug Aji Sax jee, «yaw buurub Yuda,
Kooña† doomu Yoyakim, soo doon jaarob

* **22.23** ***Libaŋ*** man naa doon misaalu kër buur gi nekk Yerusalem. Seetal ci *1.Buur ya* 7.2. † **22.24** ***Kooña*** turu gàttalu Yoyakin la. Seetal ci *2.Buur ya* 24.8-17.

torlukaay ci sama ndijoor it, fa laa lay foqatee,
25 teg la ci loxol ñi lay tëru te nga ragal
leen; muy Nebukatnecar buuru Babilon
aki xarekatam.
26 Maa lay xalab, yaak sa ndey ji la jur,
jëme meneen réew mu ngeen juddoowul,
te fa ngeen di deewe.
27 Réew mi ngeen namma délsi, dungeen fi
délseeti.»

28 Nee ñu: «Waa jii di Kooña ndax da di njaq
lu toj lu jarul dara?
Am da di xottu ndab lu kenn bëggul?
Lu waral ñu di ko sànni, mooki doomam,
xalab leen biir réew mu ñu xamul?»

29 Éy waa réew mi, waa réew mee, waa
réew mi,
dégluleen Kàddug Aji Sax ji!
30 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Bindleen ne waa jii amul doom!
Du baaxle cig dundam,
nde kenn ci geñoom du tekki,
ba tooge jalub Daawuda,
di jiiteeti fi Yuda.

# 23

*Sàmm bu baax aye na*
1 «Wóoy ngalla sàmm yiy sànk aka
tasaare sama gétt gi.» Kàddug Aji Sax jee.
2 Moo tax Aji Sax ji Yàllay Israayil wax ci
sàmm yiy sàmm ñoñam ne: «Yeena tasaare
sama gétt gi, dàq leen, te taxawuwooleen
leen. Kon maa ngii di leen taxawoo
mbugal, yoole leen seen jëf ju bon.»
Kàddug Aji Sax jee.
3 «Man nag, sama ndesu gétt, maa leen di
dajale ci mboolem réew yi ma leen dàqoon,
jëme; te maa leen di delloosi ci seen parlu,
ñu meññ ba yokku.
4 Dinaa leen tabbal ay sàmm yu leen di
sàmm ba dootuñu tiit, dootuñu jàq,
dootuñu wuute.» Kàddug Aji Sax jee.
5 «Ay bés a ngi ñëw,» kàddug Aji Sax jee,
«maay jebbil Daawuda njebbitu njubte,
mu falu di buur bu xelu,
di àtte yoon te jëfe njubte ci réew mi.
6 Ci jamonoom, Yuda dina texe,
Israayil dëkke kaaraange,
te dees na ko tudde nii:
"Aji Sax jeey sunu njub."
7 «Moo tax ay bés a ngii di ñëw,» kàddug
Aji Sax jee, «deesatul wax ne: "Giñ naa ko ci
Aji Sax jiy dund te génnee bànni Israayil ca
réewum Misra."
8 Xanaa dañu naan: "Giñ naa ko ci Aji
Sax jiy dund te génnee askanu Israayil
réewum bëj-gànnaar, génnee leen mboolem
réew ya mu leen sànkeji woon." Su ko
defee ñu dëkkewaat seen suufas bopp.»

*Kàddu jógal na yonenti caaxaan*
9 Mu jëm ci yonent yi:
Sama bopp a ubu ràpp, sama xol jeex,
sama yax yépp ne yalax,
ma mel ni ku biiñ man,
ba mu màndi
ndax Aji Sax ji ak kàddoom yu sell.
10 Ay njaalookat la réew mi fees déy,
alkànde déy a waral réew mi maral,
parluy màndiŋ mi wowal.
Seeni xél loraange la,
seenug njàmbaar di naka-su-dul-noona.
*Yàllaay wax*
11 «Te it yonent ak sarxalkat ñoo bokk yàqu,
sama biir kër sax gis naa ci seenug mbon.»
Kàddug Aji Sax jee.
12 «Moo leen tax di tarxiis ci seenu yoon,
tàbbi ci lëndëm, fëlëñu.
Maa leen di wàcceel musiba déy
ca seen atum mbugal.»
Kàddug Aji Sax jee.

13 «Ca yonenti Samari it laa gis njekkar,
ñuy jottali kàdduy waxyu bawoo ci Baal
tuur mi,
di réeral Israayil, sama ñoñ.
14 Waaye yonenti Yerusalem laa gisal lu
yées:
ñuy njaaloo, di wéye ay fen,
di dooleel defkatu lu bon,
ba kenn dëdduwul mbonam.
Ñoom ñépp di ma niru waa Sodom,
waa Yerusalem it di niru waa Gomor.»

15 Moo tax Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
wax lii ci mbirum yonent yi:
«Maa ngii di leen leelsi njàqarey xeme,
nàndal leen tookey mbugal,
nde fi yonenti Yerusalem la yàqute tukkee,
ba law ci réew mi mépp.»

16 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne:
«Buleen déglu yonent yi leen di biral ay
kàdduy waxyu;
cóolóoli neen lañu leen di naxe,
di fent ay peeñu, di biral seeni wax,
te du kàddug Aji Sax ji.
17 Ñi ma teddadil lañuy wax a wax,
naan leen Aji Sax ji déy nee:
"Jàmm ngeen di am."
Képp ku topp sa xelum déggadi,
ñu ne ko: "Musiba du la dab mukk."

18 «Waaye ana ku ci teewe woon jataayu Aji
Sax ji?
Ku ko fekke, ba dégg kàddoom?
Ku ci teewlu kàddoom, ba dégg ko?
19 Ngëlénu Aji Sax jaa ngoog,
sànjam fettax na,
dig callweer,
callweeral boppu ku bon.
20 Merum Aji Sax ji du giif,
te deful ba sottal li mu nar.
Fan yu mujj yii, dingeen ci am lu leer.
21 Yebaluma yonent yii,
ñoom ñiy daw di yégle!
Waxumaak ñoom,
ñoom ñiy biral kàdduy waxyu!
22 Su ñu teewe woon ci sama jataay sax,
mana dégtal sama ñoñ samay kàddu,
ba wañña leen ci seen yoonu mbon
ak seen jëfi mbon.
23 Xanaa du maay Yàlla?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Fu jegeek fu sore, du maay Yàlla?
24 Ku mana làqoo làquwaay,
ba duma ko gis?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Xanaa du asamaan ak suuf,
maa ko fees?»
Kàddug Aji Sax jee.
25 «Dégg naa kàdduy waxyu yu fen yi
yonent yooyuy wax ci sama tur, naan gént
nañu lii, gént nañu lee.
26 Fan la yonenti fen-kat yii àppal seeni
xalaat, di wax waxyuy naxe yu ñu fental
seen bopp?
27 Seen gént yi ñuy nettalante, nammuñu
ci lu moy sama ñoñ fàtte ma, ni ma seeni
maam fàttee woon ndax Baal tuur mi.
28 Yonent bu ci am gént, na nettali
géntam, waaye ku ci am sama kàddu, na ko
àddoo, na ma ko waxe. Ana ñax akum
pepp?» Kàddug Aji Sax jee.
29 «Sama kàddu déy, daa mel ni sawara,
kàddug Aji Sax jee, mbaa marto, di falaxew
doj!
30 Moo tax maa ngii ci kaw yonent yi.»
Kàddug Aji Sax jee. «Ñu ngi sàccante samay
kàddu.
31 Maa ngii ci kaw yonent yi.» Kàddug Aji
Sax jee. «Ñu ngi mbel-mbeli naan:
"Kàddoo ngii."
32 Maa ngii ci kaw ñiy yégle génti
caaxaan.» Kàddug Aji Sax jee. «Ñu ngi
nettali seeni gént, bay wañña sama ñoñ,
ndax seen fen yu jéggi dayo, te man de
yebaluma leen, santuma leen dara.
Amaluñu askan wii benn njariñ.» Kàddug
Aji Sax jee.

### *Yéeneb Aji Sax ji du ab yen*

33 Aji Sax ji ne Yeremi: «Su la askan wii
laajee mbaa ab yonent mbaa ab sarxalkat
ne la: "Ana yéeneb waxyu bi la Aji Sax ji
yóbbante?" Nga wax leen ne leen: "Yeenay
yen bi te dinaa leen yenniku."» Kàddug Aji
Sax jee.
34 «Te muy yonent, muy sarxalkat mbaa
kenn ci askan wi, ku ci ne: "Yéeneb waxyu
bii la ma Aji Sax ji yóbbante ci yeen," maay
dikke mbugal kooku mook waa këram.
35 Li ku nekk wara laaj moroomam
mbaa mbokkam kay mooy: "Lu Aji Sax ji
tontu?" mbaa "Lu Aji Sax ji wax?"
36 Waaye yéeneb waxyu bu Aji Sax ji,
buleen ko fi tuddati. Jooju wax déy, yenub
boroom lay doon. Ndax dangeena been
sunu kàddug Yàlla, Yàlla Aji Sax jiy dund,
Boroom gàngoori xare yi.
37 Li nit kiy laaj ab yonent mooy: "Ana
lu Aji Sax ji tontu? Ana lu Aji Sax ji wax?"
38 Bu ngeen dee tudd ab yéeneb waxyub
Aji Sax ji, te ma yónnee ci yeen, ne leen
buleen di tudd ab yéeneb Aji Sax ji, su
boobaa Aji Sax ji dafa wax ne:
39 Maa leen di yenu déy, xalab leen, yeen
ak dëkk bii ma leen joxoon, yeen ak seeni
maam, ba ngeen sore ma.

40 Te maa leen di teg toroxte gu sax dàkk,
ak gàcce gu sax dàkk te du fey.»

# 24

*Li ñaari dàmbi figg di misaal*

1 Gannaaw gi, Nebukatnecar buuru
Babilon toxal na buurub Yuda Yekoña*
doomu Yoyakim, yóbbu ko Babilon, mook
kàngami Yudaak liggéeykati xarala yaak
liggéeykati weñ ya. Ba loolu amee Aji Sax ji
am lu mu ma won: da maa jekki gis ñaari
dàmbi figg yu tege fi kanam kër Aji Sax ji.
2 Genn dàmba gi di figg ju baaxa baax,
mel ni witt mu njëkk. Dàmba gi ci des di
figg ju bona bon ju kenn dul lekk ndax
bon.
3 Aji Sax ji wax ma ne ma: «Yeremi, loo
gis?» Ma ne ko: «Xanaa ay figg. Figg ju baax
ji nag baax na lool, waaye ju bon ji daa
bona bon, ba kenn du ko lekk ndax bon.»
4 Kàddug Aji Sax ji nag dikkal ma, ne ma:
5 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Ni figg jii baaxe, ni laay geesoo mbaax
ngàllog Yuda gi ma dàqe béreb bii, jëme
leen réewum Babilon.
6 Maa leen di toppe bëtu mbaax, ba
delloosi leen ci réew mii. Maa leen di defar
te duma leen daaneel; jëmbat leen te duma
leen buddi.
7 Maa leen di may coobarey xam ma, te
xam ne maay Aji Sax ji, ba ñu doon sama
ñoñu bopp, man ma doon seen Yàlla.
Dinañu délseek seen léppi xol ci man déy!»
8 Waaye Aji Sax ji déy dafa wax ne: «Ni
figg jii bone, ba kenn manu koo lekk ndax
bon, ni laay def Cedesyas buurub Yuda aki
kàngamam ak ndesu Yerusalem. Muy ñi
des ci réew mi, di ña toxuji Misra.
9 Maa leen di def ñu jara seexlu, di
musibay mboolem réewi àddina, ba fépp fu
ma leen sànni, seen tur di fa saaga te kuy
léeboo ak kuy kókkalee mbaa ngay móoloo,
ñoom ngay tudd.
10 Maay yebal saamar fi seen kaw ak xiif
ak mbas, ba ñu raaf fi kaw suuf si ma leen
joxoon, ñook seeni maam.»

# 25

*Ab tënkub waxyoo ngii*

1 Kàddu gii dikkal na Yeremi, jëm ci waa
Yuda gépp, ci ñeenteelu atu nguurug
doomu Yosya, Yoyakim buurub Yuda. Mu
yemook at mi njëkk ci nguurug
Nebukatnecar buuru Babilon.
2 Yonent Yàlla Yeremi daa wax ak waa
Yuda gépp ak waa Yerusalem gépp, ne
leen:
3 Li ko dale fukkeelu at ak ñett ci
nguurug doomu Amon, Yosya buurub
Yuda, ba tey jii, di ñaar fukki at ak ñett,
kàddug Aji Sax jaa ngi may dikkal, ma di
leen ko jottali te tàyyiwuma, waaye
dégluwuleen.
4 Aji Sax ji yónnee leen mboolem
jaamam ñiy yonent yi. Yónni na leen ay
yooni yoon. Waaye dégluwuleen,
teewluwuleen.
5 Mu ne leen: «Na ku nekk ci yeen dëpp
jëfinam ju bon ak jëfam ju bon, ba mana
dëkke réew mi leen Aji Sax ji jox naka jekk,
yeen ak seeni maam, ba fàww,
6 te buleen topp yeneen yàlla, di leen
jaamooka sujjóotal; buleen ma merloo
ndax yëfi neen yu ngeen sàkke seeni loxo.
Su boobaa duma leen teg musiba.
7 Waaye dégluwuleen ma.» Kàddug Aji
Sax jee. Mu ne: «Yeena ma merlook ak yëf
yu ngeen sàkke seeni loxo, muy seen
musiba.»
8 Moo tax Aji Sax ji Boroom gàngoori
xare yi wax ne: «Gannaaw dégluwuleen
samay kàddu,
9 maa ngii di yónnee, jëli mboolem làngi
bëj-gànnaar.» Kàddug Aji Sax jee. «Maay
yónnee it ca Nebukatnecar buuru Babilon
mi ci samag curga, daldi leen boole indi ci
kaw réew mii ak ñi ci biiram ak mboolem
xeet yi ko séq. Maa leen di faagaagal,
gental leen gent bu sax dàkk bu ñuy muslu.
10 Te muy kàddug mbégte di kàddug
bànneex, di kàddug boroom séet akub
séetam, di wolukaay bu fiy jib mbaa leer
gu ñuy niitoo, lépp maa ko fiy boole tukkal.
11 Réew mii mépp ay gental, def
ndànd-foyfoy, xeet yii yépp di surgawu
buuru Babilon diiru juróom ñaar fukki at.
12 «Su ko defee bu juróom ñaar fukki at yi
matee, ma doora dikkal Babilon ak
buuram ndax seeni ñaawtéef.» Kàddug Aji

* **24.1** ***Yekoña*** ak Yoyakin, kenn ki la.

Sax jee. «Maay gental réewum Babilon ba
fàww.
13 Maay wàcceel réew mii mboolem
kàddu yi ma ko rëbbe woon, te ñu bind ko
ci téere bii, Yeremi jottali xeet yépp kàdduy
waxyu yi.
14 Ñoom waa Babilon it déy, dinañu
surgawu ay xeet yu giir ak ay buur yu
mag. Maa leen di fey seen añu jëf ju bon.»

## Kàddug waxyu dal na xeet yi

*(Saar 25.15-38)*

15 Aji Sax ji Yàllay Israayil déy da maa
wax ne ma: «Am kaasu biiñ bii ci sama
loxo, di misaal kaasu mbugal, te nga
nàndal ci mboolem xeet yi ma lay yebal,
16 ñu naan, tërëf, di say ndax aayteefu
saamar laay yebal fi seen biir.»
17 Ma daldi jële kaas bi ci loxol Aji Sax ji,
nàndal ci mboolem xeet yi mu ma yebal.
18 Ma nàndal waa Yerusalem ak dëkki
Yuda ak seeni buur ak seeni kàngam ngir
gental fépp, muy ndànd-foyfoy gu ñuy
muslu, di ko móoloo ba sunu jonni yàllay
tey.
19 Firawna buuru Misra it nàndal naa ko
ca, mooki surgaam aki kàngamam ak waa
réewam,
20 ak mboolem xeeti njaxasaan yi ci
seen biir, ak mboolem buuri réewum Ucc,
ak mboolem buuri réewum Filisteen ña
féete Askalon ak Gasa ak Ekkron ak la des
ca Asdodd.
21 Ma boole ca nàndal Edomeen ñaak
Mowabeen ñaak Amoneen ña,
22 ak mboolem buuri Tir ak mboolem
buuri Sidon ak buuri dun ya ca wàllaa géej,
23 ba ca waa Dedan ak Tema ak Bus ak
mboolem ñiy wat seen peggu kawaru
bopp,
24 ak mboolem buuri Arabi ak mboolem
buuri xeeti njaxasaan yi dëkke màndiŋ mi,
25 ak mboolem buuri Simri ak buuri
Elam ak mboolem buuri Medd,
26 boole ca mboolem buuri bëj-gànnaar,
ñu jegeek ñu sore. Ma nàndal leen ñoom
ñépp, ba réewi àddina yi ci kaw suuf yépp
daj. Buurub Sesag* topp ci ñoom, naan.
27 Aji Sax ji nag ne: «Wax leen ne leen:
“Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi, Yàllay
Israayil dafa wax ne: Naanleen ba màndi,
di waccu, fëlëñu, tëë jóg ndax saamar bi
may yebal fi seen biir.”
28 Waaye su ñu bañee naan ci kaas bi
nga leen tàllal nag, nga wax leen ne leen:
“Aji Sax ji dafa wax ne: Dingeen naan ba
naanaatoo!
29 Te kat dëkk bii ñu ma tudde sax, maa
ngi koy tàmbalee musibaal. Kon yeen, nu
ngeen mana fexee ba mucc? Dungeen
mucc moos, ndax saamar laay wool
mboolem ku dëkke àddina.”» Kàddug Aji
Sax jee, Boroom gàngoori xare yi.
30 Aji Sax ji teg ci ne ma: «Yaw nag, jottali
leen mboolem kàdduy waxyu yooyu. Te
nga ne leen:
“Aji Sax jeey yëmmoo fa kaw ni gaynde,
fa màkkaanam mu sell ma lay àddoo,
ŋar a ŋar ci kaw déndub suufam,
xaacu xaacuy dërkati reseñ†,
di ko gëdde mboolem waa àddina,
31 riir ma àkki cati àddina,
ngir layoob Aji Sax jeek xeet yi,
moom miy àtte mboolem boroom bakkan,
ñu bon ñi, mu jébbal saamar.”»
Kàddug Aji Sax jee.

32 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne:
«Musibaa ngii, di lawal wii xeet ba ca wee,
ngëlén lu réy a jollee cati àddina.»
33 Bésub keroog nag ñi Aji Sax ji rey, fu
ne lañuy tëdd ci àddina, cat ba cat. Deesu
leen jooy, deesu leen for, deesu leen rob.
Ni neefare jonkan lañuy wetaroo ci kaw
suuf si.
34 Yeen sàmmi askan wi, serleen,
yuuxuleen;
yeen boroom gétt gi, xëppooleen suuf,
ñaawloo;
seen bésub rendikat taxaw na,
te dees na leen tasaare,
ngeen daanu, rajaxoo
ni njaqal tànnéef.
35 Rawtu day réer sàmmi askan wi,
làquwaay réer boroomi gétt yooyu.
36 Yuuxi sàmm yaa ngoogu,
jooyi boroom gétt yaa,
Aji Sax jeey yàqate seeni parlu.
37 Merum Aji Sax ju réy ji

* **25.26** ***Sesag*** turu kumpa la, di Babilon ba tey. † **25.30** ***dërkati reseñ*** yi ñuy wax fii, seeni tànk lañu daan dëre reseñ, te bu ñu tolluwaan ci dër reseñ, dañuy woyaale.

selawal na tooli jàmm ya.
38 Gaynde wacc na geeram,
seen réew ma di ndànd-foyfoy,
ndax saamaru nootkat bi
ak tàngooru sànjum Aji Sax ji.

# Yeremi dugg na coono

## 26

*(Saar 26–45)*

### *Ñu ngi tëru Yeremi*

1 Ba doomu Yosya, Yoyakim buurub
Yuda di doora falu, kàddu gii dikkaloon na
Yeremi, bàyyikoo fa Aji Sax ji. Mu ne:
2 «Aji Sax ji dafa wax ne: Dangay taxawi
ca biir ëttu kër Aji Sax ji. Nga wax ak
mboolem waa dëkki Yuda yiy jaamusi ci
kër Aji Sax ji. Mboolem kàddu yi ma lay
yóbbante ci ñoom, bu ci wacc baat.
3 Jombul ñu dégg, ba ku nekk dëpp
yoonam wu bon. Su ko defee ma fomm
musiba mi ma leen di waajal ndax seen jëf
ju bon.
4 Nga wax leen ne leen: "Aji Sax ji dafa
wax ne: Su ngeen ma déggalul, toppuleen
yoon wi ma leen rëddal,
5 dégguleen sama kàdduy jaam ñiy yonent
yi may yónni ci yeen ay yooni yoon, ngeen
tëë dégg,
6 su boobaa maay def kër Yàlla gii, na ma
def ga woon ca Silo*, te dëkk bii maa koy
def lu mboolem xeeti àddina di tudd, di ko
móoloo."»
7 Ba mu ko defee sarxalkat yaak yonent
yaak mbooloo ma mépp dégg Yeremi di
wax kàddu yooyu ca biir kër Aji Sax ji.
8 Naka la Yeremi wax ba sottal mboolem
la ko Aji Sax ji santoon mu jottali ko
mbooloo ma mépp, sarxalkat yaak yonent
yaak mbooloo ma mépp ànd jàpp ko, ne ko:
«Yaw, dee rekk mooy sab àtte!
9 Ana lu waral ngay biral kàdduy waxyu
ci turu Aji Sax ji, naan kër Yàlla gii dina tas,
mel ni ga woon ca Silo, te dëkk bii day tas,
kenn du fi des?» Mbooloo ma mépp nag
sam Yeremi ca biir kër Aji Sax ji.
10 Kàngami Yuda dégg mbir ma, bàyyikoo
kër buur, daldi yéegi ba ca kër Aji Sax ji.
Ñu féncoo ca buntu kër Aji Sax ji ñuy wax
bunt bu Bees ba.
11 Sarxalkat yaak yonent ya wax kàngam
yaak mbooloo ma mépp, ne leen: «Waa jii,
dee mooy àtteem, ndax moo biral kàdduy
waxyu, di rëbb sunu dëkk bii. Yeena ko
déggal seen bopp.»
12 Ci kaw loolu Yeremi wax ak kàngam
yépp ak mbooloo ma mépp, ne leen: «Aji
Sax jee ma yebal ngir ma jottali kàdduy
waxyu, rëbb kër gii ak dëkk bii, te mooy
kàddu yi ngeen dégg yépp.
13 Léegi nag rafetalleen seeni jëfin ak
seeni jëf te déggal seen Yàlla Aji Sax ji. Su
ko defee Aji Sax ji fomm musiba mi mu
leen dogaloon.
14 Man nag maa ngii ci seen loxo! Lu
ngeen xalaat ne moo gën te war ci man
rekk, defleen!
15 Xamleen xéll rekk ne su ngeen ma
reyee, bakkanu ku deful dara ngeen
gàddu, yeen ak dëkk beek ñi ko dëkke, ndax
ci lu wér Aji Sax jee ma yebal ci yeen, ngir
ma yegge leen mboolem kàddu yii.»
16 Ba loolu amee kàngam yaak mbooloo
ma mépp wax ak sarxalkat yaak yonent
ya, ne leen: «Waa jii kay àtteb dee warul ci
moom, ndax ci sunu turu Yàlla Aji Sax ji la
nu waxal.»
17 Ci biir loolu ñenn ci magi réew mi jóg,
wax ak mbooloo ma fa daje mépp, ne leen:
18 «Ku ñuy wax Mise, dëkk Moreset, doon
na jottali kàdduy waxyu ca jamonoy
Esekiyas buurub Yuda. Daa waxoon waa
Yuda gépp ne leen: "Aji Sax ji Boroom
gàngooru xare yi dafa wax ne:
Dees na gàbb Siyoŋ nib tool,
Yerusalem diy tojit, jale;
tundu kërug Yàlla gaay doon gajj bu kawe."
19 «Ndax tax na Esekiyas buurub Yuda
mbaa kenn ci waa Yuda reylu ko? Du
Buur Esekiyas daa wormaal Aji Sax ji, tinu
ko, ba Aji Sax ji fomm musiba mi mu leen
dogaloon? Nun nag musiba mu réy lanu
nara indil sunu bopp.»

### *Yoyakim reylu na ab yonent*

20 Ci jamono yooyu amoon na keneen
ku doon jottali kàdduy waxyu ci turu Aji
Sax ji. Muy Uri ma dëkk Kiryaat Yarim, di
doomu Semaya. Uri doon jottali kàdduy

* **26.6** Seetal ci *1.Samiyel* saar 4.

waxyu, di rëbb dëkk baak réew ma, bokk
ak Yeremi genn kàddu gi.
21 Buur Yoyakim dégg ay kàddoom, mook
mboolemi dagam ak kàngamam yépp. Ba
mu ko defee Buur di ko wuta reylu, Uri
yég ko, tiit, daw làquji Misra.
22 Buur Yoyakim yebal ku ñuy wax
Elnatan doomu Agbor ca Misra, mu ànd
faak ñeneen.
23 Ñu jëleji Uri ca Misra, yót ko Buur
Yoyakim, mu jam ko, sànni néewam ca
armeelu baadoolo ya.
24 Yeremi nag daa làqoo Axikam doomu
Safan, mu aar ko, ba tàbbiwul ci loxol
askan wi, ñu rey ko.

# 27

## *Yeremi misaal na kilifteefu Babilon*

1 Ba doomu Yosya, Cedesyas* buurub
Yuda di doora falu, kàddu gii dikkaloon na
Yeremi, bàyyikoo fa Aji Sax ji.
2 Aji Sax ji da ne ma: «Sàkkalal sa bopp ay
der ak yeti ràngaru yëkk, nga boole lépp teg
ci sa ndodd;
3 ba noppi nga yónnee yet yi buurub
Edom ak buuru Mowab ak buurub
Amoneen ñi ak buurub Tir ak buurub
Sidon. Dangay teg yet yi ci seen loxoy
ndaw yi dikk Yerusalem ci Cedesyas
buurub Yuda, ñu yót leen ko.
4 Te nga yóbbante leen ca seeni sang ne
leen: "Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ne: Waxleen
seeni sang ne leen:
5 Man maa sàkk suuf, sàkk doom
aadama ak mala fi kaw suuf ci sama doole
ju bare ak sama kàttan gu matale, te loolu
lépp, maa ko jox ku ma neex.
6 Léegi nag teg naa réew yii yépp ci loxol
Nebukatnecar buuru Babilon mi di sama
surga, ba joxaale ko rabi àll yi sax, ñu
nangul ko.
7 Mboolem xeet yee koy nangul, nangul
doomam ba ci sëtam, ba keroog moom
itam, àppu réewam jot. Su boobaa am
réewam nangul yeneen xeet yu giir ak
buur yu mag.
8 Wépp xeet mbaa réew mu ci nangulul
Nebukatnecar buuru Babilon, di baña
wacce yetu buuru Babilon seen ndodd,
saamar akub xiif ak mbas laay dikke
woowu xeet." Kàddug Aji Sax jee. "Noonu
laay def, ba faat woowu xeet ci loxoom.

9 «"Kon nag yeen, buleen déglu seen
yonent yeek seetkat yeek firikati gént yeek
boroom rawaan yeek xërëmkat yi leen di
wax, naan leen dungeen tàbbi ci curgag
buuru Babilon.
10 Ay kàdduy waxyuy fen déy lañu leen di
waxal te dinañu leen taxa toxoo seenum
réew. Maa leen di sànni fu sore, ngeen
sànku.
11 Waaye xeet wu ci nangoo wacce yetu
buuru Babilon seen ndodd, di ko
surgawu, ñooñu, maa leen di saxal ci seen
suuf." Kàddug Aji Sax jee. "Ñu dëkke ko, di
ko bey."»

12 Ci biir loolu Cedesyas buurub Yuda it,
ma yegge ko kàddu yooyu yépp, ne ko:
«Wàcceel yetu buuru Babilon saw ndodd,
nangul ko, nangul ay bokkam, ndax ngeen
dund.
13 Ana lu jar saamar akub xiif ak mbas
di la rey, yaak sa waa réew mi, ni ko Aji Sax
ji dige xeet wu ci nangulul buuru Babilon?
14 Buleen déglu yonent yi leen di wax
naan leen dungeen tàbbi ci curgag buuru
Babilon. Ay kàdduy waxyuy fen déy lañu
leen di waxal.
15 Man déy yónniwuma leen.» Kàddug Aji
Sax jee. «Te ñoom ñu ngi biral kàdduy
waxyuy fen ci sama tur. Moo tax maa leen
di dàqe fii, ngeen sànku, yeen ak yonent yi
leen di biral ay kàdduy waxyu yooyu.»

16 Gannaaw loolu sarxalkat yeek askan
wii wépp wax naa leen ne leen: «Aji Sax ji
dafa wax ne: Buleen déglu yonent yi leen
di biral ay kàdduy waxyu, naan leen:
"Ndabi† kër Aji Sax jaa ngii di délsi, jóge
Babilon léegi, léegi." Ay kàdduy waxyuy fen
lañu leen di biral.
17 Buleen leen déglu. Nangulleen buuru
Babilon te dund! Ana lu jar dëkk bii di
mujje doon jalub xeer?
18 Bu ñu dee ay yonent kay, te kàddug Aji
Sax ji nekk ci ñoom, nañu daldi tinu Aji Sax
ji Boroom gàngoor yi, ngir ndab yi des kër

* **27.1** Fii ñu ne ***Cedesyas,*** am na sotti yu njëkk yu fi indi turu Yoyakim. † **27.16** ***Ndab*** yooyu, gànjar la woon ndax wurus lay doon mbaa xaalis.

Aji Sax ji ak këŕ buurub Yudaak
Yerusalem, te baña dem Babilon.
19 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi de wax
na ci mbirum jëni këram geek mbalka
meek watiiri rootukaay yi ak yeneen ndab
yi des ci dëkk bii,
20 mooy ndab ya Nebukatnecar buuru
Babilon yóbbaalewuloon, ba muy gàddaayloo
doomu Yoyakim, Yekoña buurub Yuda,
jële ko Yerusalem, jëme ko Babilon, mook
kàngami Yudaak Yerusalem.
21 Lii déy Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoor yi wax na ko ci ndab
yooyu des ca këŕ Aji Sax ji ak këŕ buurub
Yudaak Yerusalem.
22 Mu ne: "Babilon lees koy boole yóbbu,
te foofa lay des ba keroog bés ba ma ciy
jóg." Kàddug Aji Sax jee. "Gannaaw loolu
dinaa ko fa jële, delloosi ko ci béreb bii."»

# 28

### *Yeremi tiiñal na ab yonentu caaxaan*

1 Ca menn at ma, fekk Cedesyas buurub
Yuda di doora falu, yemook ñeenteelu
atam, ca juróomeelu weer wa, am na
doomu Asur ju ñuy wax Anaña, di yonent
bu cosaanoo Gabawon. Mu wax ak Yonent
Yàlla Yeremi ca biir këŕ Aji Sax ji, fa kanam
sarxalkat yaak mbooloo mépp, ne ko:
2 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Damm naa yet wi
leen buuru Babilon tënke woon.
3 Fii ak ñaari at tembe dinaa delloosi fii
mboolem ndabi këŕ Aji Sax ji
Nebukatnecar buuru Babilon jële woon ci
béreb bii, yóbbu Babilon.
4 Dinaa delloosi fii itam buurub Yuda
Yekoña doomu Yoyakim, te mboolem
ngàllog Yuda ga demoon Babilon, maa
leen di delloosi ci béreb bii. Kàddug Aji Sax
jee. Maay damm moos yetu buuru
Babilon wi mu leen tënke.»
5 Ba loolu amee Yonent Yàlla Yeremi
tontu yonent ba ñuy wax Anaña fa kanam
sarxalkat yaak mbooloo ma taxaw fa biir
këŕ Aji Sax ji mépp.
6 Mu ne ko: «Amiin! Yal na ko Aji Sax ji
deféey! Yal na Aji Sax ji sottal sa kàdduy
waxyu yi nga wax: ndabi këŕ Aji Sax ji ak
mboolem ña ñu fa toxaloon ca Babilon, yal
na ko Aji Sax ji delloosi fii.
7 Waaye ngalla déglul bu baax kàddu gii
ma lay wax, yaak mbooloo mi mépp.
8 Yonent yi feeñoon naka jekk lu ma jiitu,
jiitu la, jottali nañu réew yu yaatu ak
nguur yu mag seen kàdduy waxyuy xare
ak musiba ak mbas.
9 Ab yonent nag bu dee jottali kàddug
waxyub jàmm, su jàmm ja dikkee, ñu xam
ne Aji Sax jee ko yebal ci lu wér.»
10 Ba mu ko defee yonent ba ñuy wax
Anaña jël yet wa ca ndoddu Yonent Yàlla
Yeremi, damm ko.
11 Anaña àddu fa kanam mbooloo ma
mépp ne leen: «Aji Sax ji dafa wax ne: Nii
laay damme yet wi buur Nebukatnecar
buuru Babilon di tënkee. Fii ak ñaari at
tembe dinaa jële yet wi ci ndoddu
mboolem xeet yi mu ko tënke.» Ba loolu
amee Yonent Yàlla Yeremi dem yoonam.
12 Gannaaw ba yonent ba ñuy wax
Anaña jëlee yet wa ca ndoddu Yonent Yàlla
Yeremi, ba damm ko, kàddug Aji Sax ji
dikkal Yeremi, ne ko:
13 «Demal wax Anaña ne ko: "Aji Sax ji
dafa wax ne: Yetu bant nga damm, waaye
dinga ko wuutale yetu weñ.
14 Ndax Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ne: Yetu weñ
laay teg ci ndoddu mboolem xeet yii, ñu
nangul Nebukatnecar buuru Babilon, di
ko surgawu. Te rabi àll yi sax, maa leen di
teg ci loxoom."»
15 Gannaaw loolu Yonent Yàlla Yeremi
ne yonent ba ñuy wax Anaña: «Anaña,
déglul bu baax li ma lay wax: Aji Sax ji
yebalu la, yaw ngay gëmloo askan wii ay
fen.
16 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne: "Maa
ngii di la yebal, nga jóge fi kaw suuf. Ren
jii ngay dee, ndax kàdduy gàntal nga waxal
Aji Sax ji."»
17 Yonent ba ñuy wax Anaña ca juróom
ñaareelu weeru at mooma la dee.

# 29

### *Yeremi bind na ngàllo ga bataaxal*

1 Yonent Yàlla Yeremi nag yónnee na
bataaxal bu jóge Yerusalem, jëm Babilon
ca ndesu magi ngàllo ga, ak ca sarxalkat
yaak yonent yaak mépp mbooloo ma

Nebukatnecar jële woon Yerusalem, yóbbu
leen ngàllo ca Babilon.
2 Mooy gannaaw ba Buur Yekoña
bàyyikoo Yerusalem, ànd ak Lingeer yaayu
buur ak bëkk-néegi buur ak kàngami
Yudaak Yerusalem ak liggéeykati xarala
yaak liggéeykati weñ ya.
3 Yeremi yóbbante bataaxal ba Elasa
doomu Safan, ak Gemarya doomu Ilkiya,
ndaw ya Buur Cedesyas mu Yuda yebal
Babilon ca Buur Nebukatnecar. Lii la
bataaxal bi wax:
4 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax mboolem ngàllo
ga mu jële Yerusalem, yóbbu Babilon, ne
leen:
5 Tabaxleen ay kër dëkke; jëmbat seeni
tóokër, lekk ca meññeef ma.
6 Takkleeni jabar, am ci doom yu góor ak
yu jigéen. Takkalleen seen doom ay jabar,
maye seen doom yu jigéen, ñu am ñoom it
doom yu góor ak yu jigéen. Yokkuleen fa,
buleen fa néew.
7 Sàkkuleen jàmmu dëkk bi ma leen toxal,
te ñaanal ko ci Aji Sax ji, ndax jàmmu dëkk
bi mooy seen jàmm.

8 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi kat dafa wax ne: Seeni
yonent ak seen gisaanekat yi ci seen biir,
buñu leen nax. Te it buleen déglu seen
boroom gént yi ngeen di firiloo seeni gént,
9 ndax kàdduy waxyuy fen lañu leen di
wax ci sama tur. Yebaluma leen. Kàddug
Aji Sax jee.

10 «Aji Sax ji déy dafa wax ne: Bu Babilon
matalee juróom ñaar fukki ati kilifteefam,
dinaa leen dikkal, sottalal leen sama
kàddug jàmm, ba delloosi leen ci béreb bii.
11 Ndax man déy, xam naa mébét yi ma
leen mébétal. Kàddug Aji Sax jee. Du mébéti
loraange, waaye mébéti jàmm laa leen
mébétal, ngir may leen yaakaaru ëllëg.
12 Su boobaa ngeen woo ma wall, dikk
ñaan ma, ma nangul leen.
13 Su boobaa ngeen làmb, daj ma,
ndegam làmbe ngeen seen léppi xol,
14 maa leen di may ngeen daj ma.
Kàddug Aji Sax jee. Maa leen di tijjil seen
wërsëg, dajale leen ci mboolem xeet ak
mboolem béreb ya ma leen sànni woon.
Kàddug Aji Sax jee. Maa leen di delloosi ci
béreb bii ma leen yebale woon ngàllo.
15 «Yeena ne: “Aji Sax ji yónnee na nuy
yonent ci Babilon.”
16 Waaye Aji Sax ji dafa wax lu jëm ci
buur bi toog ci jalub Daawuda, jëm ci képp
ku bokk ci askan wi des ci Yerusalem gii di
seen bokk ya àndul woon ak yeen, dem
ngàllo.
17 Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi dafa
wax ne: Maa ngii di leen yónnee saamar
akub xiif ak mbas. Maa leen di def ñu mel
ni figg ju nëb, ba kenn manu koo lekk
ndax bon.
18 Maa leen di toppe saamar akub xiif ak
mbas. Maa leen di def misaal mu daw
yaramu mboolem réewi àddina, teg gent bu
ñuy muslu ci biir mboolem xeet wu ma
leen sànni, ba ku fay kókkalee mbaa móolu,
ñoom ngay tudd.
19 Li ko waral mooy, ñoo ma déggalul.
Kàddug Aji Sax jee. Dama leena yónnee
yonent yiy samay jaam ay yooni yoon, te
déggaluñu ma. Kàddug Aji Sax jee.
20 Kon nag yeen mboolem ngàllo gi ma
yebale Yerusalem ba Babilon, dégluleen
kàddug Aji Sax ji.
21 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ci mbirum Akab
doomu Kolaya ak Cedesyas doomu
Maaseya, ñoom ñi leen di jottali kàdduy
waxyuy fen ci sama tur. Ma ne: Maa ngii
di leen teg ci loxol Nebukatnecar buuru
Babilon, mu rey leen, ngeen di gis.
22 Dinañu tax mboolem kuy móoloo te
bokk ca ngàllog Yudeen ña ca Babilon,
danga naan: “Yal na la Aji Sax ji teg la mu
tegoon Cedesyas ak Akab, ña buuru
Babilon lakk cib taal.”
23 Li ko waral mooy njombe wi ñu def fi
digg Israayil, di njaalook seen jabari
dëkkandoo, di wax ci sama tur ay kàdduy
fen yu ma leen santul. Maa ko xamal
sama bopp, seede ko. Kàddug Aji Sax jee.»

### *Semaya yonentu caaxaan bi jot na tontam*

24 Yaw Yeremi nag, nanga wax Semaya,
Nexelameen bi ne ko:
25 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Yaw yaa yónnee ci
sa turu bopp ay bataaxal ca askanu
Yerusalem gépp, rawatina ca sarxalkat ba

Sofoni doomu Maaseya, ak mboolem
sarxalkat ya. Nga di ci wax ne:
26 “Aji Sax ji da laa fal sarxalkat, nga
wuutu Yoyada sarxalkat bi, ngir kër Aji
Sax ji am ku ko yor, ba dof bu fiy
wax-waxlu ay kàdduy waxyu, nga jéng ko,
yeewe ko càllalay weñ ci baatam.
27 Ana lu tax waxuloo ci Yeremi mu
Anatot nag, moom miy wax-waxlu ay
kàdduy waxyu fi seen biir?
28 Léegi la nu yónnee Babilon bataaxal,
ne nu: ‘Dingeen yàgg àll de, kon tabaxleeni
kër, dëkke; jëmbatleeni tóokër, lekk ci
meññeef mi.’ ”»
29 Ba Sofoni sarxalkat ba jàngee bataaxal
boobu, Yonent Yàlla Yeremi di dégg,
30 kàddug Aji Sax ji dikkal Yeremi ne ko:
31 «Yónneel ca ngàllo gépp ne leen: Aji
Sax ji dafa wax ci mbirum Semaya
Nexelameen ba, ne: “Semaya waxal na
leen kàdduy waxyu, gëmloo leen ay fen, te
yebaluma ko.
32 Kon nag Aji Sax ji dafa wax ne: Maa
ngii di mbugalsi Semaya Nexelameen bi,
mook askanam. Ku bokk ci moom du toog
ci biir xeet wii, bay gis ngëneel li may defal
sama ñoñ.” Kàddug Aji Sax jee. “Moo
xiirtal askan wi ci gàntal Aji Sax ji.”»

## Yeremi yéene na yeeslug jàmm

# 30

*(Saar 30—33)*

### *Nii la yéene bi tënkoo*

1 Kàddu gii dikkal na Yeremi, bawoo fa
Aji Sax ji, ne ko:
2 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Nanga bind cib téere kàddu yi ma la wax
yépp.
3 Ndax kat ay bés a ngii di ñëw,» kàddug
Aji Sax jee, «maay tijjil sama ñoñ seen
wërsëg, muy Israayil di Yuda.» Aji Sax jee
ko wax. «Maa leen di delloo ca suuf sa ma
moomale woon seeni maam.»

### *Ay teraanga nuyoo na*

4 Kàddu yii la Aji Sax ji wax ci mbirum
Israayil ak ci mbirum Yuda.
5 «Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Yuuxi tiitaange dégtu na,
njàqare la, du jàmm.
6 Laajteleen te xool,
ndax góor day wasin léegi?
Moona maa gis jàmbaar ju nekk jatu,
ni kuy matu,
kanam xoyyi.
7 Wóoy boobu bés bu réy,
ba bés du ni mel!
Bésu njàqare lay doon
ñeel askanu Yanqóoba,
waaye dañuy mucc.
8 «Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
Boroom gàngoori xare yi, «maay damm yet
wi ñu leen tënke ci seen ndodd, dammat
seeni jéng, ba dootuñu doon jaamu
doxandéem.
9 Waaye seen Yàlla Aji Sax ji lañuy jaamu
ak seen buur bi ma leen di falal, mu toogal
Daawuda.
10 Waaye yaw Yanqóoba sama jaam,
bul tiit,» kàddug Aji Sax jee;
«yaw Israayil, bul ragal.
Fu sore laa lay wallujee,
yaak sa askan wa ca réewum njaam ga,
Yanqóoba dellu dal, fegu;
kenn dootu ko tiital.
11 Maa ngeek yaw, nar laa wallu.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Maay faagaagal mboolem xeet ya ma la
sànniji.
Yaw nag duma la faagaagal,
duma la ñàkka topp moos,
waaye li nga yelloo laa lay yare.»

12 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Sa damm-damm du faju,
sa góom du wér.
13 Amul ku lay sàmmal sa àq,
te sab dana amul pajtal mu baax.
14 Sa soppe yépp a la fàtte,
kenn faalewu la ci,
ndax dumay noon laa la duma,
yar la yarinu ku néeg
ngir sa ñaawtéef ju réy
ak sa bàkkaar yu bare.

15 «Damm-damm yu dul wér
ak mitit wu tar jarul jooy.
Maa la teg lii,
ndax sa ñaawtéef ju réy
ak sa bàkkaar yu bare.
16 Waaye ku la lekk, dees na ko lekk;

sa noon yépp lañuy jàpp njaam ba ñu daj.
Ku la futti, dees na ko futti,
ku la saax-saaxee dees na ko saax-saaxee.

17 «Ñu ngi la naan: “Waccees na la,”
naan la: “Siyoŋ yaw, faaleesu la,”
waaye maa lay may wér,
faj say góom.»
Kàddug Aji Sax jee.
18 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Maa ngii di tijji wërsëgu askanu Yanqóoba,
ñibbisil leen,
baaxe seeni dëkkuwaay,
ba dëkk dekkee ca tundam wu gentoon,
kër buur taxawaat bérebam,
19 cant jollee ca,
di riirum mbégte.
Maa leen di ful,
te duñu wàññiku,
darajaal leen,
te dootuñu tuut.
20 Seeni doom dañuy mel na woon,
seen mbooloo sax fi sama kanam,
may mbugal ñi leen di sonal.
21 Su boobaa seen njiit di seen deret,
di seen kilifa, soqikoo ci ñoom;
ma woo ko, mu jege ma,
nde nit jaayul bakkanam,
ba jegesi ma te woowuma ko*!»
Kàddug Aji Sax jee.
22 «Yeenay doon sama ñoñ,
man, may seen Yàlla.»

23 Ngëlénu Aji Sax jaa ngoog,
sànjam fettax na,
di aw callweer,
callweeral boppu ku bon.
24 Sànjam Aji Sax ju tàng ji du giif,
te sottalul li mu nar.
Fan yu mujj ya
ngeen xam ci dara.

# 31

### *Israayil séentu na sancaatub réewam*

1 «Su boobaa,» kàddug Aji Sax jee, «maay
doon Yàllay làngi Israayil yépp,
ñoom ñuy sama ñoñ.»

2 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Waa Israayil ñi rëcc ñawkay saamar,
daje nañook yiw ci màndiŋ mi,
fekk ñuy sàkku noflaay.»
3 Ñu ne: «Bu yàgg la nu Aji Sax ji feeñu,
ne nu: “Maa leen masa bëgg,
ba tax ma sédd leen ngor.
4 Yaw Israayil mu taaru,
maa lay defaraat, nga defaru,
ba jiinaat sam njiin,
wàlli peccum mbéx,
5 jëmbataat sa tóokëri reseñ
ca mbartali Samari,
te ku jëmbat, xéewlu ca.
6 Bés dina ñëw déy,
wattukat yéenee fa kaw tundu Efrayim
ne: ‘Aycaleen nu yéegi tundu Siyoŋ,
fa sunu Yàlla Aji Sax ji.’ ”»

7 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Sarxolleleen, bége askanu Yanqóoba,
xaaculleen xeet woowu jiitu,
biralleen cant te ne:
“Éy Aji Sax ji, wallul ndesu Israayil, sa ñoñ
ñii.”
8 Maa ngii di jële sama ñoñ réewum
bëj-gànnaar,
dajale leen fa cati àddina.
Silmaxaa ngi ci akub lafañ,
jigéenu wérul it ak kuy wasin,
ñuy gàngoor gu mag, délsi fii.
9 Ñooy dikk di jooy, di leewaayu,
ma jiite leen, yóbbu,
jaare leen xàll wu jub wu ñu dul
fakkastaloo,
ba ca wali ndox ya,
ngir maay baayu Israayil
miy Efrayim, sama taaw.»

### *Yeremeey wax*

10 Yeen xeet yi, dégluleen kàddug Aji Sax ji,
yégleleen ko ca tefes yu sore ya.
Ne leen: «Ki tasaare woon Israayil, moo
leen di dajale,
sàmm leen nib sàmm ak géttam.»
11 Aji Sax jee goreel askanu Yanqóoba,
jot ko ci loxol ku ko ëpp doole.
12 Ñooy dikk, di sarxollee kaw tundu Siyoŋ,
ne ràññ ndax ngëneeli Aji Sax ji:
pepp ak biiñ aku diw, gàtt aki nag,

* **30.21** Leeru Yàlla, jegee ko noonu, bakkanu nit ki xaj na ci. Néegu biir ba ca kër Yàlla ga sax, du ñépp a fa mana àgg. Sarxalkat bu mag baa fa daa dugg benn yoon cim at. Keneen ku fa dugg dee. Seetal ci *Sarxalkat yi* saar 16; 21.17; 22.3.

bakkan ni tool bu ñu suuxat,
dootuñu yoggoorlu.

*Yàllaay wax*

13 «Su boobaa janq bégem pooj,
waxambaaneek mag feelu ko,
ma soppi seen ñaawlu mbégte, dëfal leen,
bànneexal leen, ñu dëddu naqar.
14 Maay yafal sarxalkat yi, ba reggal leen,
sama ñoñ ñi regge sama ngëneel.»
Kàddug Aji Sax jee.

15 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Baat dégtu na fa Raama,
ay yuux aki jooy yu metti.
Rasel ay jooy ay doomam,
baña noppi,
nde doomam ya wuute.»
16 Aji Sax ji nag ne ko:
«Baal sa jooy yi
te fomp say rongooñ,
dees na la yool sa coono.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Say doom ay jóge réewu noon, ñibbisi.
17 Am nga yaakaaru ëllëg.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Say doom ay délsi seenum réew.
18 Maa dégg moos askanu Efrayim di binni
naan: “Aji Sax ji, duma nga noo duma,
ni sëllu wu dese tàggat.
Ngalla wañ̈ñi nu, nu wañ̈ñiku;
yaw Aji Sax ji, yaa di sunu Yàlla.
19 Dëddu woon nanu la moos
waaye léegi réccu nanu.
Xam nan ne tooñ nanu,
ba tey nuy màttuy wiccax.
Danoo rus, torox
ndax sunu ñaawtéefi ndaw.”»

20 Aji Sax ji ne:
«Xanaa du Efrayim* ay sama doom ji ma
sopp,
di gone gi may bànneexal?
Lu ma ko gëdd gëdd,
di ko bàyyi xel.
Moo tax sama xol di ko laaj,
ma yërëm koo yërëm.»
Kàddug Aji Sax jee.

21 «Sampal ay xàmmikaay ci yoon wi,
teg fi say màndarga.
Booy dem, defal sa xel ci yoon wii,
ñall wii nga topp.
Israayil mu taaru mi, ñibbisil,
ñibbisil sa dëkk yii.
22 Ndaw su toogadi si,
foo àppal sa ciŋiñ-caŋañ ji?
Aji Sax ji déy, sàkk na guléet kaw suuf:
yees ba mel ni jigéen juy jëflanteek góor†.»
23 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: «Bu ma tijjee seen
wërsëg, kàddu gii dina jibati ci réewum
Yuda ak dëkk yi ko séq.
Dees na ne: “Yaw màkkaanu njubte bii,
yaw, tundu Siyoŋ wu sell wi,
yal na la Aji Sax ji barkeel!”
24 «Waa réewum Yuda ak dëkk-dëkkaanam
yépp ay bokk dëkk, ak beykat yeek
màngaan yi yor gétt.
25 Maay nàndal ku mar, leqali ku loof.»

*Yeremeey wax*

26 Ba loolu amee ma yewwu, ne xiféet,
xam ne samay nelaw neex na.

*Aji Sax ji teewlul na Israayil*

27 «Bés a ngii nag di ñëw,» kàddug Aji Sax
jee, «yu may jiwe kërug Israayil ak kërug
Yuda jiwum doom aadama ak jiwum
mala.
28 Te ni ma leen teewloo woon ba ma
leen di buddat, di leen fàqat, di leen
daaneel, di leen yàqate aka lor, noonu laa
leen di teewloo ngir defar leen, jëmbat
leen.» Kàddug Aji Sax jee.
29 «Su boobaa deesatul ne:
“Baay lekk reseñ ju xaay,
mu uum bëñu doom ja.”
30 Su boobaa ku nekk sa bàkkaaru bopp a
lay rey. Ku lekk reseñ yu xaay, sa gëñi
bopp lay uum.

*Kóllëre gu yees a ngii*

31 «Ay bés a ngii di ñëw,» kàddug Aji Sax
jee, «yu may fas ak waa kër Israayil ak waa
kër Yuda kóllëre gu yees.
32 Du mel ni kóllëre ga ma fasoon ak
seeni maam keroog ba ma leen jàppee ci
loxo, génne leen réewum Misra. Ndax ñoom

* **31.20** ***Efrayim,*** kenn la ci sëti Yanqóoba mi ñu dippee Israayil. Turu Efrayim wi fii, askanu Israayil la fi taxawal.
† **31.22** Waxin la wu yéeme wuy wund jëfi guléet ju kenn séentuwul, waaye xamuñu dëgg la mu tekki woon ca yooya jamono.

ñoo fecci sama kóllëre, te man may seen
boroom kër.» Kàddug Aji Sax jee.
33 «Waaye kóllëre gi may fas ak waa kër
Israayil bu fan yooyu weesoo,» kàddug Aji
Sax jee, «nii lay deme: Maay yeb sama
ndigali yoon ci seen xel, ci seen xol laa koy
ñaas. Maay doon seen Yàlla, ñoom ñu doon
sama ñoñ.
34 Kenn dootul soxlaa jàngal kenn, muy
moroomam mbaa mbokkam, naan ko:
“Ràññeel Aji Sax ji!” Ndax ñoom ñépp a
may ràññee, ki gëna tuut ba ci ki gëna
mag,» kàddug Aji Sax jee, «ndax maa leen
di jéggal seeni ñaawtéef, te seeni bàkkaar,
duma ci bàyyeeti xel.»

### *Lii mooy saxal Israayil*

35 Aji Sax ji dafa wax,
moom mi dogal jant di leeral bëccëg,
dogal weer ak biddiiw di leeral guddi,
yëngal géej, gannax yi riir,
kookooy Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
36 mu ne: «Su dogal yooyu manoona toxu,
may gis,
su boobaa askanu Israayil dina mana fey
ba fàww, may gis.»
Kàddug Aji Sax jee.

37 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Su nit manoona natt kawewaayu
asamaan,
mbaa mu manoona xayma xóotaayu suuf,
su boobaa ma mana xalab mboolem
askanu Israayil,
xalab leen ndax li ñu def lépp.»
Kàddug Aji Sax jee.
38 Mu ne: «Ay bés a ngi ñëw,» kàddug Aji
Sax jee, «dees na tabaxalaat Aji Sax ji dëkku
Yerusalem, dale ko ca soorooru tata bu
tudd Ananel ba ca buntu Ruq ba.
39 Dees na fa rëddaat kemu dëkk bi, jubal
ba tundu Gareb, wëri ba Gowa.
40 Mboolem xur yu ñu sànni néew yaak
dóomu-taal ak mboolem tool ya, ba ca
yoonu ndox ma ca Sedoron, ba ca ruqu
buntu Fas ya ca penku: lépp lees di sellalal
Aji Sax ji. Deesatu fa buddat mbaa di fa
daaneel dara.»

## 32

### *Yeremi wone na dayob ngëmam*

1 Kàddu gii dikkaloon na Yeremi,
bàyyikoo fa Aji Sax ji, ca fukkeelu atu
nguurug Cedesyas buurub Yuda. Mu
yemook ba nguurug Nebukatnecar buuru
Babilon tolloo ca fukkeelu atam ak juróom
ñett.
2 Booba mbooloom xarem Babilon a nga
gaw Yerusalem. Fekk Yonent Yàlla Yeremi
nag moom, ma nga ñu tëj ca kër buurub
Yuda, ca biir ëttu dag ya,
3 fa ko Cedesyas buurub Yuda dencoon,
ndax da ko noon: «Ana lu waral ngay wax
yii kàdduy waxyu? Nga ne: “Aji Sax ji dafa
wax ne mu ngii di teg dëkk bii ci loxol
buuru Babilon, mu nangu ko.
4 Te Cedesyas buurub Yuda du rëcc waa
Babilon ndax dees na ko teg moos ci loxol
buuru Babilon, ba Cedesyas wax, mu wax,
seeni gët ñeent.
5 Babilon lees koy yóbbu, te fa lay des, ba
keroog may wax ci moom.” Kàddug Aji Sax
jee. “Bu ngeen xareek waa Babilon it,
dungeen am ndam.”»
6 Yeremi da ne: «Kàddug Aji Sax ji dikkal
na ma ne ma:
7 Xoolal, Anamel doomu Salum sa baay
bu ndaw a ngooguy ñëw, naan la nga jënd
toolam ba ca Anatot, ndax yaa ko saña
jotaat.»
8 Ba loolu amee Anamel sama doomu
baay bu ndaw dikk, na ma ko Aji Sax ji
waxe. Mu fekk ma ci ëttu dag yi, ne ma:
«Rikk jëndal sama tool ba ca Anatot ca
diiwaanu Beñamin ndax sa alal la ci yoon,
yaa ko saña jotaat*. Kon jënd ko.» Ma xam
ne loolu kàddug Aji Sax jaa.
9 Nii laa jënde tool ba ca Anatot ci
Anamel sama doomu baay bu ndaw. Ma
wañña̋l ko xaalis bi, muy fukki dogi xaalis
ak juróom ñaar.
10 Ma bind kayitu njaay mi, màndargaale
ko sama torlukaay, woo ciy seede, ba
noppi natt diisaayu xaalis bi.
11 Ma boole jël kayitu njaay bi tëjewul ak
kayitu njaay bi tëje, te yoonalu njaay meek
sàrt yi tënke ci.
12 Ma teg kayit yi ci loxol Barukk doomu
Nerya doomu Maxseya. Anamel sama
doomu baay bu ndaw fekke na ko, seede

* **32.8 *jotaat:*** seetal ci *Sarxalkat yi* 25.23-34.

yi torlu kayitu njaay mi fekke ko, ñook
mboolem Yudeen ñi toogoon ci ëttu dag yi.
13 Ma dénk Barukk ci seen kanam, ne ko:
14 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Jëlal kayit yii,
kayitu njaay bi tëje, ak kayit bi tëjewul, nga
boole yeb ci njaqal ban, ndax kayit yi
mana yàgg.
15 Ndax Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Dees na dellu di
jënd ay kër aki tool ak tóokëri reseñ ci réew
mii.»

## *Xelu Yeremi teey na*

16 Gannaaw ba ma joxee kayiti njaay ma
Barukk doomu Nerya, damaa ñaan Aji Sax
ji, ne ko:
17 «Éy saa Boroom, Aji Sax ji! Yaw déy
yaa sàkk asamaan, sàkk suuf ci sa doole ju
bare ak sa kàttan gu matale. Dara tëwu la.
18 Yaw miy jëfe ngor sa digg ak junniy
maas, te bu baay ñaawee, nga topp ko ko,
ba ci doomam. Yaay Yàlla ju màgg ji te
jàmbaare. Yaa di Aji Sax ji Boroom gàngoori
xare yi,
19 réyi pexe, màggi jaloore; say gët ne
jàkk ci mboolem lu doom aadama def,
ngay añale ku nekk jëfinam ak jëfam.
20 Yaa def ay firnde aki kéemaan ca
réewum Misra, di ko def ba tey jii ci
Israayil ak ci doom aadama yépp, ba may
sa bopp woy wu réy wi nga am tey jii.
21 Génne nga Israayil say ñoñ, jële leen
réewum Misra, ci kawi firnde aki kéemaan
ak sa doole ju bare ak sa kàttan; mu jur
tiitaange ju réy.
22 Nga jox leen réew mii nga giñaloon
seeni maam. Muy réew mu meew meek
lem ji tuuroo.
23 Ñu dikk moom ko, te déggaluñu la,
toppuñu saw yoon, jëfewuñu mboolem li
nga leen santoon, ba tax nga wàcce ci seen
kaw mboolem musiba mii.
24 «Sëkki gawukaay yaa ngii ñu yékkatil
dëkk bi, ngir nangu ko. Dëkk bi dina daanu
ci loxoy waa Babilon ñi ko song, ndax
saamar akub xiif ak mbas. Gis nga ko déy,
li nga waxoon am na!
25 Dëkk baa ngii nara daanu ci loxoy
waa Babilon te moona Boroom bi Aji Sax
ji, yaw yaa ma ne ma jënde tool bi xaalis,
ay seede seede ko.»

## *Aji Sax ji dalal na xelu Yeremi*

26 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
Yeremi, ne ko:
27 «Du maay Aji Sax ji, Yàllay képp kuy
dund. Ana lu ma të?»
28 Kon nag Aji Sax ji dafa wax ne: «Maa
ngii di teg dëkk bii ci loxoy waa Babilon ak
ci loxol Nebukatnecar buuru Babilon, mu
nangu ko.
29 Waa Babilon ñiy song dëkk bii dinañu
dugg, taal ko, lakk ko ba mu jeex, lakkaale
kër ya ñu doon taalal Baal tuur mi cuuraay
ca kaw taax ya, di fa tuural yeneen yàlla
ay saraxi naan, ba di ma merloo.
30 Askanu Israayil ak Yuda kay, ca
cosaan ba tey, defuñu lu moy lu bon fi
sama kanam. Bànni Israayil, mboolem lu
ñu def, defuñu ko lu moy di ma merloo.»
Kàddug Aji Sax jee.
31 «Mer dikkal na ma, xadar dikkal ma ci
dëkk bii, dale ko ca ba ñu ko tabaxee ba
bésub tey, ba tax ma di ko jële fi sama
kanam,
32 ndax mboolem lu bon li bànni Israayil
ak Yuda def, di ma merloo, ñook seeni
buur ak seeni kàngam ak seeni sarxalkat
ak seeni yonent ak waa Yuda ak waa
Yerusalem.
33 Wonuñu ma kanam, xanaa gannaaw,
te ma artu leen ay yooni yoon. Waaye
ñoom dégluwuñu, dégguñu yar.
34 Yeb nañu sax seen yëf yu seexluwu ci
biir kër gi ñu ma tudde, ba sobeel ko.
35 Tabaxal nañu Baal tuur mi ay bérebi
jaamookaay ca xuru Ben Inom, di fa lakk
seen doom yu góor ak yu jigéen ngir Moleg
tuur mi, te masuma leen koo sant. Jooju
jëf ju siblu jaarul sax sama xel, ba ma leen
di ko defloo, ñuy yóbbe Yuda bàkkaar.
36 «Yeena wax ci dëkk bii ne dina daanu
ci loxol buuru Babilon ndax saamar akub
xiif ak mbas. Waaye Aji Sax ji Yàllay
Israayil dafa wax ne:
37 Maa ngii di leen dajale ca mboolem
réew ya ma leen sànni woon, ndax mere
leen ak jéppi leen ba sama xol fees dell. Te
maa leen di delloosi fii, dëël leen ci jàmm;
38 ñu doon sama ñoñ, may seen Yàlla.

39 Maa leen di may benn xol ak benn
jubluwaay ngir ñu di ma wormaal seen
giiru dund, muy seen ngëneel, ñook seen
doom yi leen di wuutu.
40 Maay fas ak ñoom kóllëre gu sax dàkk
gu ma leen dul xañati; xanaa baaxe leen,
yeb ragal Yàlla ci seen xol, ba dootuñu ma
won gannaaw.
41 Maay am mbégtey baaxe leen, jëmbat
leen bu wér ci réew mi, jëmbate leen sama
léppi xol ak sama léppi jëmm.
42 «Aji Sax ji déy dafa wax ne: Ni ma
wàccee ci kaw xeet wii musiba mu mag
mii mépp, ni laay wàccee fi seen kaw
mboolem ngëneel li ma leen wax.
43 Dees na dellu di jënd ab tool ci réew
mii ngeen ne daanu na ci loxol waa
Babilon, ba dib gent bu kenn nekkul, du
nit, du rab.
44 Dees na fi jënde xaalis ay tool, binde fi
kayiti njaay, torlu ko, tëje ko fi kanami
seede ci suufas Beñamin ak li wër
Yerusalem ak biir dëkki Yuda ak dëkki
tund ya ak dëkki suufu tund ya ak ca dëkki
diiwaanu Negew. Maay tijji moos seen
wërsëg.» Kàddug Aji Sax jee.

# 33

## *Aji Sax ji du dige, di fomm*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
na Yeremi ñaareel bi yoon, fekk ko tëje ba
tey ca biir ëttu dag ya. Mu ne ko:
2 «Aji Sax ji dafa wax, moom miy sàkk
mbir, bind ko, taxawal ko, Aji Sax ji di
turam.
3 Mu ne: “Woo ma, ma wuyu la, wax la
lu réy te ruqe, loo xamul woon.”
4-5 Aji Sax ji Yàllay Israayil déy dafa wax
ci mbirum këri dëkk bii ak këri buuri Yuda
yii ñu màbb, di ko fegoo sëkk bi ñu leen
gawe te di ko làqoo saamaru waa Babilon
ñi ñuy xareel. Mu ne: “Kër yi dina fees ak
néewi nit ñi ma bóom ndax mer ak xol bu
fees. Dinaa xañ dëkk bii sama yiw ndax
seen gépp mbon.”
6 «Waaye du tee, maa leen di may tan, faj
leena faj ba ñu wér, won leen xéewalu
jàmm ju dëggu.
7 Maay tijji wërsëgu Yuda ak wërsëgu
Israayil, sampaat leen na woon.
8 Maa leen di raxasal mboolem ñaawtéef
gu ñu ma moye, baal leen mboolem
ñaawtéef yu ñu ma moye, di ma gàntal.
9 Dëkk bi daldi doon sama woy, di sama
mbégte, di sama ndam, di sama sag ci biir
mboolem xeeti àddina yi dégg ngëneel yi
ma leen di defal yépp. Dinañu yéemu ba
seen yaram daw ci lépp luy ngëneel ak
jàmm ju ma leen di defal.
10 «Aji Sax ji dafa wax ne, béreb bii ngeen
ne ab gent la bu kenn nekkul, du nit, du
rab te muy dëkki Yudaak mbeddi
Yerusalem yii gental, kenn nekku fi, du
nit, du rab, dees na fi déggati
11 coowal mbégteek coowal bànneex ak
kàddug boroom séet ak kàddug séetam, ànd
ak kàdduy nit ñiy indi saraxi cant ci biir kër
Aji Sax ji, tey dëbbe:
“Santleen Aji Sax ji Boroom gàngoori xare
yi.
Aji Sax jee baax,
kee saxoo ngoram.”
Maay tijji wërsëgu réew mi, na woon.» Aji
Sax jee ko wax.
12 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne, béreb bii di gent bu kenn nekkul, du
nit, du rab ci dëkk yi fi nekk yépp, béreb bii
dina dellu am parlu yu sàmm siy gooral
seeni gàtt.
13 Muy dëkki tund yi, di dëkki suufu tund
yi, di dëkki diiwaanu Negew, di diiwaanu
Beñamin, di li wër Yerusalem, di dëkki
Yuda, gàtt yi dina dellu ci loxol sàmm buy
takk lim ba.» Aji Sax jee ko wax.

## *Askanu Buur Daawuda dina yeeslu*

14 «Ay bés a ngii di ñëw,» kàddug Aji Sax
jee, «maay sottal ngëneel la ma dig waa kër
Israayil ak waa kër Yuda.
15 Bés yooyu ci jamonoom,
maay jebbil njebbitu njubte ci askanu
Daawuda,
muy àtte yoon te jëfe njubte ci réew mi.
16 Bés yooyu Yuda dina texe,
Yerusalem dëkke kaaraange,
ñu di ko woowe: “Aji Sax jeey sunu njub.”»
17 Aji Sax ji déy dafa wax ne: «Daawuda
du ñàkk mukk ku ko wuutu ci jalu Israayil.
18 Sarxalkat yiy Leween ñi it duñu ñàkk
ku leen taxawal fi sama kanam, di joxe

saraxi rendi-dóomal, di taal saraxi pepp
aka sarxal ba fàww.»

### *Kóllëre gu dul toxoo ngii*

19 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal na Yeremi, ne ko:
20 «Aji Sax ji dafa wax ne: Ndegam
manees naa dog sama kóllëre maak bëccëg
mbaa sama kóllëre maak guddi, ba bëccëg
mbaa guddi baña teew ci waxtoom,
21 kon dees na mana dog sama kóllëreek
Daawuda sama jaam bi; tamit dogaale
sama kóllëreek sarxalkat yiy Leween ñi
may liggéeyal, ba Daawuda ñàkk sët bu koy
wuutu cib jalam.
22 Ni biddiiwi asamaan weesoo lim,
feppi suufas géej wees waññ, ni laay fule
askanu Daawuda sama jaam bi ak askanu
Leween ñi may liggéeyal.»
23 Kàddug Aji Sax ji dellu dikkal Yeremi,
ne ko:
24 «Xanaa dégguloo li nit ñi wax? Ñu ne:
"Ñaari làng ya Aji Sax ji tànnoon de, wacc
na leen," moo tax ñu xeeb sama ñoñ, ba
tegatuñu leen sax aw xeet.
25 Waaye Aji Sax ji dafa wax ne:
Ndegam du maa fas sama kóllëre maak
bëccëg ak guddi, te du maa saxalal
asamaan ak suuf ay sàrt,
26 kon dinaa wacc askanu Yanqóoba ak
Daawuda sama jaam bi, ba dootuma tànne
ciw askanam kuy yilif askanu
Ibraaymaak Isaaxaak Yanqóoba. Maay tijji
seen wërsëg moos, yërëm leen.»

# 34

### *Aji Sax ji wax na Buur Cedesyas mujam*

1 Ba Nebukatnecar buuru Babilon
àndeek mbooloom xareem mépp ak
mboolem réew yeek xeet yi mu teg loxo,
ñu songandoo Yerusalem ak dëkk yi ko
wër yépp, kàddu gii dikkaloon na Yeremi,
bàyyikoo ci Aji Sax ji:
2 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Demal nga wax Cedesyas buurub Yuda ne
ko: "Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di teg
dëkk bii ci loxol buuru Babilon, mu taal ko.
3 Yaw Cedesyas nag doo ko rëcc. Dees na
la jàpp moos te dees na la teg ci loxol
buuru Babilon, mu wax ak yaw, seeni gët
ñeent; nga dem Babilon.
4 «"Waaye yaw Cedesyas buurub Yuda,
déglul kàddug Aji Sax ji: Aji Sax ji dafa wax
ne doo deewe saamar.
5 Ci jàmm ngay dee, te ni ñu taalale woon
cuuraay say maami buur yi la jiitu, terale
leen ko ci seen dëj, ni lañu lay taalale
cuuraay, di la jooy naan: 'Wóoy sunu sang
ba dem na!' Jii wax, maa ko wax."» Kàddug
Aji Sax jee.
6 Ci kaw loolu Yonent Yàlla Yeremi jottali
Cedesyas buurub Yuda mboolem kàddu
yooyu fa Yerusalem.
7 Mu yemook ba mbooloom buuru
Babilon di xareek Yerusalem ak mboolem
dëkki Yuda ya desoon, di Lakis ak Aseka.
Booba yooyu rekk a desoon ci dëkki Yuda
yu tata wër.

### *Yiwi jaam yi war na*

8 Kàddu gii dikkaloon na Yeremi,
bàyyikoo ci Aji Sax ji, gannaaw ba Buur
Cedesyas fasoo kóllëre ak mboolem waa
Yerusalem ngir goreel jaam yi,
9 ku nekk wara goreel mbokkam mu
Ebraam, góor ak jigéen, ñu moom seen
bopp, te kenn bañati def jaam mbokkum
Ebraam.
10 Ba mu ko defee mboolem kàngam
yeek nit ñi ko fasoo woon kóllëre daldi
nangoo goreel seen jaam yu góor ak yu
jigéen, bañati leena def jaam, ñu moom
seen bopp. Ñu daldi leen yiwi.
11 Gannaaw gi nag ñu walbatiku, jëlaat
seen jaam yu góor ak yu jigéen ya ñu
goreeloon, dellooleen cig njaam, góor ak
jigéen.
12 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
Yeremi bàyyikoo ci Aji Sax ji, ne ko:
13 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Man maa fasoon kóllëre ak seeni maam
keroog bés ba ma leen génnee réewum
Misra kërug njaam ga, ne leen:
14 Saa yu ngeen waññee juróom benni at
ba ca catal juróom ñaareel ma, na ku nekk
ci yeen goreel mbokkum Ebraam mu ko
jaayoon boppam. Gannaaw bu ko
liggéeyalee juróom benni at, na ko goreel,
mu tàggook moom, daldi moom boppam*.

* **34.14** Seetal ci *Mucc ga* 21.2-6.

Waaye seeni maam déggaluñu ma,
teewluwuñu ma.
15 Tey yeen, waññiku woon ngeen, ba
def li ma rafetlu; ku nekk ci yeen xamle
goreelu mbokkam. Fasoo ngeen kóllëre
sax fi sama kanam ci biir kër gi ñu ma
tudde.
16 Léegi nag ngeen di teddadil sama tur,
dellu gannaaw, ku nekk jëlaat jaamam yu
góor ak yu jigéen, te ngeen goreeloon leen
ba noppi, ñu moom seen bopp ni mu leen
neexe. Néewal ngeen leen doole, ñu dellu
di seeni jaam.

17 «Kon nag, Aji Sax ji dafa wax ne: Ku
nekk ci yeen waroon naa goreel
mbokkum dëkkandoom, waaye yeen déy,
déggaluleen ma. Man nag maa ngi nii di
xamle goreel gi, kàddug Aji Sax jee, ngir
bàyyee leen saamar ak mbas akub xiif.
Maa leen di def waa réewi àddina yépp
seexlu leen.
18 Nit ñi fecci sama kóllëre, sàmmuñu
ponki kóllëre gi ñu fase woon fi sama
kanam, maa leen di def ni sëllu wa nit ña
xaroon ñaar, jaare ca diggante xaaj ya,
fase ko seen kóllëre.
19 Muy kàngami Yuda, di kàngami
Yerusalem, di bëkk-néeg yeek sarxalkat yi,
ak mboolem waa réew mi jaare woon ci
diggante ñaari xaaji sëllu wa,
20 maa leen di teg ci seen loxoy noon ak
ñiy wut seen bakkan; seeni néew, njanaaw
yeek rabi àll yi for.
21 Cedesyas buurub Yuda, mook ay
kàngamam, maa leen di teg ci seen loxoy
noon, loxoy ñiy wut seen bakkan, teg leen
ci loxoy mbooloom xarem buuru Babilon
mi leen songoon, ba di leen doora bàyyi.
22 Maa ngi nii di joxe ndigal, kàddug Aji
Sax jee, maa delloosi noon yi ci dëkk bi, ñu
song ko, ba nangu ko, taal ko ba mu jeex.
Maay gental dëkki Yuda, ba kenn du ca
des.»

# 35

### *Rekabeen ña raw nañu Yudeen ña*

1 Kàddu gii dikkaloon na Yeremi,
bàyyikoo ci Aji Sax ji ci jamonoy buurub
Yuda Yoyakim doomu Yosya. Mu ne ko:
2 «Demal ca Rekabeen ña, nga wax ak
ñoom, indi leen ci kër Aji Sax ji, dugal leen
ci néeg yi benn, te jox leen biiñ, ñu naan.»
3 Ma dem woowi Yaasaña doomu
Yeremi doomu Abàcciña, boole kook ay
doomi baayam ak doomam yu góor yépp,
làngi Rekabeen ñépp daal.
4 Ma yóbbu leen kër Aji Sax ji, dugal leen
ca biir néegu taalibey Xanan mi di góorug
Yàlla gay doomu Igdalyaa; mooy néeg ba
dendeek néegu kàngam ya, ca kaw néeg
doomu Salum, Maaseya fara bunt ba.
5 Ci kaw loolu ma tegal Rekabeen ñi ay
njaqi biiñ yu fees, aki kaas, ne leen:
«Naanleen.»
6 Ñu ne: «Nun dunu naan biiñ, ndax
sunu maam Yonadab doomu Rekab da
noo santoon ne nu: “Buleen naan biiñ
mukk, muy yeen ba ci seeni sët, ba fàww.
7 Buleen tabax kër, buleen bey, buleen
jëmbat tóokëru reseñ, bu ci lenn bokk ci
seen alal. Waaye nangeen dëkk ci ay
xayma seen giiru dund gépp, su ko defee
ngeen gudd fan ci biir réew mii ngeen di
ay màngaan.”
8 Déggal nanu it sunu maam Yonadab
doomu Rekab ci mboolem li mu nu
santoon, ne nu bunu naan biiñ sunu giiru
dund, nook sunuy jabar ak sunuy doom,
góor ak jigéen,
9 bunu tabax kër yu nu dëkke, te tóokër
ak tool bu ñuy bey, bu ci lenn bokk ci sunu
alal.
10 Waaye ci ay xayma lanu dëkk, di sàmm
aka jëfe mboolem lu nu sunu maam
Yonadab santoon.
11 Waaye ba Nebukatnecar buuru
Babilon songee réew mi lanu ne: “Nan
duggi gaaw biir Yerusalem, ba rëcc
mbooloom waa Babilon ak Siri.” Moo nu
taxa toog nii ci biir Yerusalem.»
12 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
Yeremi, ne ko:
13 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ne: Demal wax
mboolem waa Yuda ak waa Yerusalem, ne
leen: “Xanaa dungeen dégg ndigal, ba
dégg samay kàddu?” Kàddug Aji Sax jee.
14 “La Yonadab doomu Rekab santoon
ay doomam ne leen: ‘Buleen naan biiñ’ de,
jëfees na ko. Duñu naan biiñ ba tey jii ndax
wormaal seen santaaney maam. Man nag

ay yooni yoon laa leen wax waaye
déggaluleen ma.
15 Yónnee naa leen samay jaam, yonent
yi, ay yooni yoon, ne leen: ‘Na ku nekk ci
yeen dëpp yoonam wu bon, di def lu baax,
baña topp yeneen yàlla, di leen jaamu,
ndax ngeen dund ci réew mi ma leen jox,
yeen ak seeni maam.’ Waaye
teewluwuleen ma, déggaluleen ma.
16 Sëti Yonadab doomu Rekab yii déy
wormaal nañu santaane ba leen seen
maam santoon, waaye xeet wii déggaluñu
ma.”
17 «Kon nag Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoori xare yi dafa wax ne: Maa
ngi nii di wàcce ci Yuda ak képp ku dëkk
Yerusalem mboolem musiba mu ma leen
tuddaloon. Ndax damaa wax ak ñoom te
dégluwuñu; ma woo leen, wuyuwuñu.»
18 Ba loolu amee Yeremi ne Rekabeen
ña: «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ne: Gannaaw
wormaal ngeen seen kàddug maam
Yonadab, topp santaaneem yépp, ba jëfe
lépp lu mu leen santoon,
19 loolu tax na Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoori xare yi wax ne: “Askanu
Yonadab doomu Rekab du ñàkk mukk ku
góor ku may liggéeyal ba fàww.”»

# 36

## *Buur Yoyakim def na njombe*

1 Ba loolu wéyee, ci ñeenteelu atu
nguurug buurub Yuda Yoyakim doomu
Yosya, kàddu gii dikkal na Yeremi, bàyyikoo
ci Aji Sax ji, ne ko:
2 «Jëlal téere bu ñu taxañ*, nga bind ci
mboolem kàddu yi ma la wax ci mbirum
Israayil ak Yuda ak mboolem xeet yi, te
nga dale ko ba ma waxeek yaw ca
jamonoy Yosya ba bésub tey jii.
3 Jombul waa kër Yuda dégg mboolem
musiba mi ma leen nara teg, ba tax ku ne
ci ñoom dëpp yoonam wu bon, ngir ma
baal leen seen ñaawtéef ak seen moy.»
4 Yeremi woo Barukk doomu Nerya,
dégtal ko mboolem kàddu yi ko Aji Sax ji
wax, mu bind ko ci ab téere bu ñu taxañ.
5 Yeremi nag wax Barukk, ne ko: «Man
damaa am ngànt. Duma mana dem kër Aji
Sax ja.
6 Demal yaw bésub koor, nga jàng taxañ
bi nga bind kàdduy Aji Sax ji ma la dégtal,
ña ca kër Aji Sax ji di dégg. Nanga ko jàng
itam ci kanam mboolem Yudeen ña jóge
seeni dëkk.
7 Jombul ñu tinu Aji Sax ji, ku nekk ci
ñoom dëpp yoonu mbonam, ndax mer mu
réy ak xadar ji Aji Sax ji tuddal askan wii
kat, nar naa metti.»
8 Barukk doomu Nerya def mboolem la
ko Yonent Yàlla Yeremi sant, daldi jàng ca
kër Aji Sax ji taxañ ba ñu bind kàdduy Aji
Sax ji.
9 Loolu yemook juróomeelu atu nguurug
buurub Yuda, Yoyakim doomu Yosya ca
juróom ñeenteelu weer wa. Fekk ñu yéene
koor fi kanam Aji Sax ji, ñeel waa
Yerusalem gépp ak mboolem ña jóge dëkki
Yuda.
10 Ci biir loolu Barukk tollu ca néegu
bindkat ba, di Gemarya doomu Safan, ca
kër Aji Sax ja. Muy jàng téere bi ñu taxañ
ba ñu bind kàdduy Aji Sax ji, mbooloo
mépp di dégg. Néeg baa nga woon ca ëttu
kër Aji Sax ja ca kaw, fa féeteek bunt bu
Bees ba.
11 Mise doomu Gemarya doomu Safan
dégg mboolem kàdduy Aji Sax ja ca taxañ
ba.
12 Mu daldi wàcc, ba ca kër buur, jàll ca
néegu bindkat ba, fekk fa kàngam yépp
toog: Elisama bindkat ba, ak Delaya
doomu Semaya, ak Elnatan doomu Agbor,
ak Gemarya doomu Safan, ak Cedesyas
doomu Anaña, ak jawriñ ña ca des ñépp.
13 Mise yegge leen lépp la mu dégg
Barukk jànge ko ca taxañ ba ca kanam
mbooloo ma.
14 Ci kaw loolu kàngam yépp yebal
Yewudi doomu Netaña doomu Selemya
doomu Kusi. Ñu ne ko: «Demal ne Barukk
téere bi mu jàngal mbooloo mi, na ko jël te
ñëw, indaale ko.» Barukk doomu Nerya
ŋàbb téere ba ca loxoom, dem ba ca ñoom.
15 Ñu ne ko: «Toogal jàngal nu ko, nu
dégg.» Barukk jàngal leen ko, ñu dégg.

* **36.2 *téere bu ñu taxañ***, ay dogiti der yu bare yu ñu ñawante lay doon, ba mu doon deru bindukaay bu mag bu ñuy taxañ ci bant. Mbind mi nag def ay dog yu dékkarloo.

16 Ba ñu déggee kàddu ya yépp, dañoo tiit,
ku ne xool sa moroom. Ñu ne Barukk:
«Nun kat, nan yegge Buur mbir mii mépp.»
17 Ñu laaj Barukk, ne ko: «Wax nu! Noo
binde kàddu yii yépp. Yeremee la ko
dégtal?»
18 Barukk ne leen: «Moo ma dégtal kàddu
yépp de, ma binde ko daa ci téere bi.»
19 Kàngam ya ne Barukk: «Demal làquji
yaak Yeremi, te bu kenn xam fu ngeen
ne!»
20 Ba loolu amee ñu wacc téere ba ca
néeg Elisama bindkat ba, daldi ànd fekki
Buur ca ëttam. Ñu yegge ko mbir ma mépp.
21 Buur nag yebal Yewudi, ngir mu jëli
téere ba. Mu jëleji ko ca néeg Elisama
bindkat ba, daldi jàngal taxañ ba Buur,
mook mboolem kàngam ya feggook moom.
22 Booba jamonoy sedd la woon,
yemook juróom ñeenteelu weer wa. Buur a
nga toog ca biir néegu njaaram; taal ba
yànj, janook moom.
23 Ci biir loolu saa yu Yewudi jàngee ñetti
dog ba ñeent, Buur fab saatus bindkat,
dagg dog ya, sànni ca taal ba. Mu di ko def
ba téere ba lakk ca taal ba, ba jeex tàkk.
24 Buur ak jawriñam ña ñépp dégg nañu
kàddu ya, waaye tiituñu sax, astamaak di
xotti seeni yére ni kuy tiislu di def.
25 Elnatan ak Delaya ak Gemarya sax
tinu nañu Buur, ngir mu baña lakk téere
ba. Waaye Buur dégluwu leen,
26 xanaa mu sant Yeraxmeel, kenn ci
askanu buur, mook Seraya doomu
Asriyel, ak Selemya doomu Abdel, ne leen
ñu jàpp Barukk bindkat ba ak Yonent Yàlla
Yeremi. Teewul Aji Sax ji làq leen.
27 Gannaaw ba Buur lakkee téere ba def
kàddu ya Barukk bindoon ca dégtalub
Yeremi, kàddug Aji Sax ji dikkal na Yeremi,
ne ko:
28 «Dellul jël beneen téere bu ñu taxañ,
nga dellu bind ca mboolem kàddu ya woon
ca téere ba Yoyakim buurub Yuda lakk.
29 Yoyakim buurub Yuda nag, nanga ko
wax ne ko: “Aji Sax ji dafa wax ne yaw yaa
lakk taxañ bii, naan lu waral ma bind ci
ne buuru Babilon dina ñëw moos te dina
tas réew mii, faxas fi nit ak mala.
30 Moo tax Aji Sax ji wax ci mbirum
Yoyakim buurub Yuda, ne, du am ku ko
toogal ci jalub Daawuda. Néewam dees koy
sànni ci biti, mu yendoo naaj, fanaanoo
sedd.
31 Maa koy yen añu ñaawtéefam, mook
njabootam aki surgaam. Maay wàcce ci
seen kaw, ñook waa Yerusalem ak Yuda
gépp, mboolem musiba mu ma leen
digoon, te taxul ñu dégg.”»
32 Ci kaw loolu Yeremi jël beneen téere
bu ñu taxañ, jox ko bindkat ba, Barukk
doomu Nerya. Mu dégtal ko, mu bind ca
mboolem kàddu ya woon ca téereb taxañ
ba Yoyakim buurub Yuda lakkoon ca taal
ba. Yeneen kàddu yu bare yu ni mel sax,
dolliku na ca.

# 37

### *Buur Cedesyas sàkku na ndimbal*

1 Cedesyas doomu Yosya ja
Nebukatnecar faloon buur ci réewum
Yuda moo wuutu Kooña* doomu Yoyakim.
2 Waaye muy Cedesyas, muy jawriñam
ñi, muy waa réew mi, kenn dégluwu ci
kàdduy Aji Sax ji mu wax, te Yonent Yàlla
Yeremi jottali ko.
3 Mu am bés Buur Cedesyas woo Yukal
doomu Selemya, ak Sofoni sarxalkat bi,
doomu Maaseya. Mu yebal leen ci Yonent
Yàlla Yeremi; ñu ne ko: «Rikk ñaanal nu ci
sunu Yàlla Aji Sax ji.»
4 Booba Yeremee nga doon dem aka
dikk nu mu ko neexe, kenn tëjagu ko woon
kaso.
5 Mu fekk mbooloom Firawna génn
Misra, di ñëw. Waa Babilon ña gawoon
Yerusalem dégg ca, ba jóge fa, dellu
gannaaw.
6 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
Yonent Yàlla Yeremi, ne ko:
7 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ne:
Buuru Yuda mi leen yebal, ngeen seetsi
ma, waxleen ko ne ko: “Mbooloom
Firawna mi génnoon di leen wallusi kat,
dëpp na bay dellu Misra.
8 Waa Babilon dinañu délsi, song dëkk bii
xare, nangu ko, lakk ko ba mu jeex.”

* **37.1** ***Kooña*** mooy Yoyakin, di Yekoña ba tey.

9 Aji Sax ji nag dafa wax ne: Buleen nax
seen bopp naan: "Dem, bàyyi nu, la waa
Babilon di def." Ndax duñu dem.
10 Bu ngeen daanoon mbooloom xarem
Babilon miy xareek yeen ñépp it, ba
deslewuñu lu moy nit ñu ñu jamat,
ñooñooy jógandoo taxaw ca seeni xayma,
daldi lakk dëkk bii.»

11 Gannaaw ba mbooloom xarem
Babilon jógee Yerusalem, di daw
mbooloom Firawna,
12 Yeremi bàyyikoo dëkk ba, jëm
diiwaanu Beñamin cay bokkam ngir jëli
céram ci ab séddaleb suuf.
13 Ba mu demee ba tollook buntu
Beñamin, daje faak njiitu dag ya, Irya
doomu Selemya doomu Anaña. Irya
taxawal Yonent Yàlla Yeremi, ne ko: «Ãa,
ca waa Babilon nga daw jëm!»
14 Yeremi ne ko: «Fen nga! Man du maay
fekki waa Babilon!» Irya dégluwu ko,
xanaa jàpp ko, yóbbu ca kàngami buur ya,
15 seen xol tàng ci Yeremi, ñu dóor ko ba
noppi, tëj ko ca biir kër Yonatan bindkat
ba, fa ñu defoon kaso.

16 Gannaaw ba ñu dencee Yeremi ca
kaso bu xóot ba, ca biir kàmb ga, ba mu
toog fa ay fani fan,
17 Buur Cedesyas yónnee, woolu ko. Mu
ñaarook moom ca biir këram, laaj ko, ne ko:
«Mbaa am nga kàddu gu bawoo ci Aji Sax
ji?» Yeremi ne ko: «Xanaa lii: "Ci loxol
buuru Babilon lees lay teg."»
18 Yeremi teg ca ne Buur Cedesyas: «Ana
fu ma la tooñe, yaak say surga, mbaa
askan wii, ba nga tëj ma kaso?
19 Te sa yonent yi la doon jottali kàdduy
waxyu, naan la buuru Babilon du dikk ci
seen kaw, yaak waa réew mii, ana ñu léegi?
20 Léegi nag Buur sang bi, dama lay ñaan
ngalla, bul ma delloo kër Yonatan bindkat
bi, ma di fa deewe.»

21 Ba loolu amee Buur Cedesyas
santaane ñu teg Yeremi ca biir ëttu dag ya.
Ñu di ko jox bés bu ne menn mburum
lëmm mu jóge ca mbedd ma ñu tudde
Lakkkati mburu ya, ba keroog mburu di
ñàkk ca dëkk ba. Yeremi nag toog ca ëttu
kër dag ya.

# 38

*Tàbbal nañu Yeremi ca kàmb ga*

1 Mu am bés Sefatiya doomu Matan ànd
ak Gedalya doomu Pasur ak Yukal doomu
Selemya ak Pasur doomu Malkiya. Ñu
dégg Yeremiy wax, ñépp di dégg, naan:
2 «Aji Sax ji dafa wax ne: Ku des ci biir
dëkk bii, saamar rey ko, mbaa xiif, mbaa
mbas. Waaye ku génn fekki waa Babilon,
dina raw, bakkanam di ngañaayu xareem,
mu mucc.
3 Aji Sax ji dafa wax ne: Dees na teg
moos dëkk bii ci loxol mbooloom buuru
Babilon, mu nangu ko.»
4 Kàngami buur yooyu dem ne Buur:
«Waa jii, na dee rekk; waxam jii mu leen di
wax tax na ba xarekat yi des ci dëkk bi di
yoqi, ba askan wépp itam di yoqi. Waa jii
kat wutul jàmmu askan wii, xanaa
musiba.»
5 Buur Cedesyas ne leen: «Mu ngoog ci
seen loxo, manaluma leen dara!»
6 Ñu jàpp Yeremi, ngir denci ko ca
kàmbug Malkiya, kenn ci askanu buur, ca
biir ëttu dag ya. Ñu yoore ko buum, ba ca
biir, te kàmb ga amul ndox, bàq rekk a fa
nekk. Yeremi nag tàbbi ca biir bàq ba.
7 Ci biir loolu Ebedd Meleg, Kuuseen ba,
di bëkk-néeg ci biir kër buur, dégg ne tàbbal
nañu Yeremi ca kàmb ga. Fekk Buur a nga
toog ca buntu dëkk ba ñu dippee Beñamin.
8 Ebedd Meleg jóge kër buur, dikk ne ko:
9 «Buur sang bi, nit ñi de, lu bon lañu def
Yonent Yàlla Yeremi; tàbbal nañu ko ca
kàmb ga. Dina fa dee ak xiif ndax ab dund
amatul ci dëkk bi.»
10 Buur sant Ebedd Meleg, Kuuseen ba,
ne ko: «Jëleel fii fanweeri nit, nga dem
génne Yonent Yàlla Yeremi ca kàmb ga bala
moo dee.»
11 Ebedd Meleg jël nit ña, daldi dem ca
biir kër buur, jàll ba ca suufu néegu denc
ya. Mu jële fa yére yu ràpp aki sagar, boole
lépp, yoore buum ca kàmb ga, jottali ko
Yeremi.
12 Ebedd Meleg ne Yeremi: «Ayca, booleel
sagar yi, nga jiital ko ci say poqtaan, teg ci
buum yi.» Yeremi def noonu.
13 Ñu xëcc buum yi, génne Yeremi kàmb
ga. Gannaaw loolu Yeremi des ca biir ëttu
dag ya.

14 Ba loolu wéyee Buur Cedesyas yónnee,
woolu Yonent Yàlla Yeremi, ñaarook moom
fa ñetteelu bunt ba ca kër Aji Sax ja. Mu ne
Yeremi: «Dama lay laaj lenn. Bu ma nëbb
dara.»
15 Yeremi ne Cedesyas: «Su ma la waxee
li am, du danga may rey rekk? Te su ma la
digalee it, doo ma déggal.»
16 Buur Cedesyas déey Yeremi, ne ko:
«Giñ naa ci Aji Sax jiy dund te sàkkal nu
bakkan, duma la rey te duma la teg ci
loxoy ñii di wut sa bakkan.»
17 Yeremi ne Cedesyas: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil, Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Soo nangoo génn rekk, jébbali sa bopp
kàngami buuru Babilon déy, dinga rawale
sa bakkan, te dëkk bii du lakk ba jeex.
Dinga dund yaw, yaak sa waa kër.
18 Waaye soo jébbalul sa bopp kàngami
buuru Babilon, dees na teg dëkk bi ci loxoy
waa Babilon, ñu lakk ko ba mu jeex, te
yaw doo leen rëcc.»
19 Buur Cedesyas ne Yeremi: «Man, ñi ma
ragal mooy sunu bokki Yudeen ñi ñibbil
waa Babilon; bu ñu ma tegee ci seen loxo,
ñu toroxal ma.»
20 Yeremi ne ko: «Deesu la jébbal ca seeni
loxo. Dangay déggal Aji Sax ji ci li ma la
wax rekk, muy sa jàmm, nga mucc.
21 Waaye soo lànkee, ne doo génn, mbir a
ngii mu ma Aji Sax ji won.
22 Gisuma lu moy mboolem jigéen ñi des
ci kër buurub Yuda, ña nga ñu jëme ca
kàngami buuru Babilon. Ña nga naan:
“Buur aka baaxi xarit!
Ñoom ñi ko nax, ba man ko,
mu tàbbi ca bàq ba,
ñu dëddu, ne mes!”
23 «Mboolem say soxnaak say doom, dees
leen di yóbbu ca waa Babilon, te yaw ci sa
bopp doo leen rëcc. Buuru Babilon da lay
jàpp, te dëkk bii day lakk ba jeex.»
24 Cedesyas ne Yeremi: «Bu kenn dégg
nag lii nu wax. Lu ko moy dinga dee.
25 Su sama kàngam yi yégee ne wax naak
yaw, ba dikk ne la nga nettali leen li nu
waxante te bañ leena nëbb dara, lu ko moy
ñu rey la,
26 ne leen rekk danga ma doon tinu,
ndax ma bañ laa delloo kër Yonatan, nga
di fa dee.»
27 Ba loolu amee kàngami buur yépp
dikk, laaj Yeremi, mu wax leen la ko Buur
digal. Ñu daldi noppi, ba ko; ndax kenn
déggul woon la mu wax ak Buur.
28 Yeremi nag des ca ëttu dag ya, ba
keroog bés ba ñu nangoo Yerusalem.

*Babilon nangu na Yerusalem*

Ba ñuy nangu Yerusalem nag, nii la
deme woon.

# 39

1 Ba Cedesyas tolloo ci juróom ñeenteelu
atu nguuram, ca fukkeelu weeram, ca la
Nebukatnecar buuru Babilon ànd ak
gàngooru xareem gépp ci kaw Yerusalem,
ñu gaw ko.
2 Ba Cedesyas tolloo ci fukkeelu atu
nguuram ak benn, juróom ñeenti fan ca
ñeenteelu weeram, ca lañu bëtt dëkk ba.
3 Mboolem kàngami buuru Babilon daldi
dikk toog ca buntu dëkk ba ca digg ba.
Nergal Sarecer a nga ca ak Samgar Nebo
ak Sar Sekim njiitu bëkk-néegi buur ak
Nergal Sarecer meneen ma, njiitu
gisaanekat yi, ñook mboolem kàngami
buuru Babilon ña ca des.
4 Naka la leen Cedesyas buurub Yuda
gis, mook xarekatam ya yépp, ñu daldi
daw, génn dëkk ba guddi, jaare tóokëru
buur, fëlle bunt ba ca diggante ñaari tata
ya, wuti yoonu xuru dexu Yurdan.
5 Mbooloom Babilon dàq leen, ba dab
Cedesyas ca jooru Yeriko. Ñu jàpp ko, indil
ko Nebukatnecar buuru Babilon ca dëkk
ba ñuy wax Ribla, ca réewum Amat.
Nebukatnecar dogal fa àtteem.
6 Buuru Babilon daa rendi doomi
Cedesyas yu góor ca Ribla, muy gis, mu
rendiwaale mboolem kàngami Yuda.
7 Gannaaw loolu mu tuur bëti Cedesyas,
jénge ko jéngi xànjar, yóbbu ko Babilon.
8 Kër Buur ak këri waa dëkk ba nag, waa
Babilon lakk leen, tatay Yerusalem, ñu
màbb.
9 Nebusaradan njiitu dag ya moom, daa
boole ña desoon ca biir dëkk ba, ak ña ko
jébbaloon seen bopp, ak ña desoon ca askan
wa, jàpp leen, yóbbu ngàllo ca Babilon.
10 Ba mu ko defee lenn ci baadoolo yi
amul dara, mu wacc leen ca réewum Yuda.
Booba la leen jox ay tóokëri reseñ aki tool.

### *Aji Sax ji yiwi na ñaari jaamam*

11 Ci biir loolu Nebukatnecar buuru
Babilon jox ndigal Nebusaradan njiitu dag
ya ci mbirum Yeremi. Mu ne ko:
12 «Demal jëli Yeremi, nga sàmm ko, te bu
ko def dara lu metti. Lu mu la ñaan it, defal
ko ko.»
13 Ba loolu amee Nebusaradan njiitu
dag ya déggoo caak Nebusasban njiitu
bëkk-néegi buur ak Nergal Sarecer njiitu
gisaanekat yi, ak yeneen jawriñi buuru
Babilon ña,
14 ñu yónnee, jëli Yeremi ca ëttu dag ya,
teg ko ci loxol Gedalya doomu Axikam
doomu Safan, ngir Gedalya yóbbu ko mu
ñibbi këram. Yeremi nag des Yuda ca biiri
bokkam.
15 Fekk na kàddug Aji Sax ji dikkal
Yeremi ba ñu ko tëjee ca ëttu dag ya, ne ko:
16 «Demal nga wax Ebedd Meleg,
Kuuseen ba, ne ko: "Aji Sax ji Yàllay
Israayil, Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Maa ngi nii di sottalsi sama kàddu yi jëm ci
dëkk bii, muy ayam te du doon jàmmam.
Dina am ngay gis, bésub keroog.
17 Bésub keroog maa lay xettali, kàddug
Aji Sax jee, ba deesu la teg ci loxol nit ñi
nga ragal.
18 Maa lay wallu bu baax déy, ba saamar
du la daaneel mukk, waaye dinga moom
sa bakkan, muy sa yoolu xare, ndaxte
wóolu nga ma. Kàddug Aji Sax jee."»

# 40

### *Yuda daje na ca Gedalya*

1 Ci kaw loolu Yeremi jot na kàddu gu
bàyyikoo ci Aji Sax ji, gannaaw ba ko
Nebusaradan njiitu dag ya yiwee, mu
bàyyikoo Raama. Yeremee nga ñu jéngoon,
mook ngàllog Yerusalem gaak Yuda ga jëm
Babilon. Nebusaradan génnee Yeremi ca
seen biir,
2 ñaarook moom, ne ko: «Sa Yàlla Aji Sax ji
moo tuddaloon béreb bii musiba mii.
3 Aji Sax ji nag indi na ko te def na ko, na
mu ko waxe woon. Yeena moy Aji Sax ji,
déggaluleen ko ba tax lii dal leen.
4 Léegi nag yiwi naa la bés niki tey. Soo
bëggee ànd ak man Babilon, ñëwal, dinaa la
toppatoo. Soo bëggul, toogal. Réew mépp a
ngii ci sa kanam. Fu la ci neex ak foo ci
taamu, dem fa.»
5 Balaa Yeremee walbatiku,
Nebusaradan teg ca ne ko: «Man ngaa
dellu ca Gedalya doomu Axikam doomu
Safan ba tey. Moom la buuru Babilon
dénk dëkki Yuda. Man ngaa toog ak moom
ci digg waa réew mi, mbaa nga dem daal
fu la gënal.» Nebusaradan nag jox Yeremi
yóbbal ak lu mu lekk ci yoon wi, daldi ko
yiwi.
6 Ba mu ko defee Yeremi dem ca Gedalya
doomu Axikam ca Mispa. Mu toog ca
moom ca digg nit ña des ca réew ma.
7 Fekk am na mboolooy Yudeen ñu
desoon ci àll bi. Seeni njiit yépp nag dégg,
ñook ña ñu àndal, ne buuru Babilon dénk
na Gedalya doomu Axikam réew mi, dénk
ko ñenn ci baadoolo yi des Yuda, diy góor
aki jigéen aki gone yu ñu yóbbuwul ngàllo
ca Babilon.
8 Ñu bokk dikk ba Mispa ca Gedalya;
Ismayel doomu Netaña ma nga ca woon;
ak Yoxanan ak Yonatan, ñaari doomi
Kareyax; ak Seraya doomu Tanumet; ak
doomi Efayi, Netofateen ba; ak Yesaña,
doomu Maakateen ba, ñook seeni nit.
9 Gedalya waatal leen, ñook seeni nit,
ngir dalal seen xel, teg ca ne leen: «Buleen
ragala nangul waa Babilon. Toogleen ci
réew mi rekk te nangul buuru Babilon,
muy seen jàmm.
10 Man nag maa ngii toog Mispa, di leen
taxawal fi kanam waa Babilon, bu ñu fi
dikkee; yeen dajaleleen seen biiñ ak seen
meññeef ak seen diwu oliw, ngeen denc ko
te dëkk ci seen dëkk yi ngeen teg loxo.»
11 Ci kaw loolu Yudeen ña woon ca
Mowabeen ñaak Amoneen ñaak Edomeen
ñaak mboolem réew ya, ñoom ñépp dégg ne
buuru Babilon wacc na lenn ca askan wa,
ñu des réewum Yuda, mu dénk leen
Gedalya doomu Axikam doomu Safan.
12 Yudeen ña ñépp walbatikoo mboolem
fu ñu leen sànni woon, daldi délsi réewum
Yuda, fekksi Gedalya ca Mispa. Ba loolu
amee ñu dajale biiñ ak tàndarma ak figg, ba
mu bare lool, ne gàñña.
13 Mu am bés Yoxanan doomu Kareyax
ànd ak mboolem njiiti mbooloo ya des ca
àll ba. Ñu dikk ca Gedalya ca Mispa,

14 ne ko: «Xanaa yéguloo ne Baalis
buurub Amon yebal na Ismayel doomu
Netaña, ngir mu rey la?» Gedalya doomu
Axikam nag gëmu leen.
15 Ba loolu amee Yoxanan doomu
Kareyax déey Gedalya ca Mispa, ne ko:
«Tee maa dem, rey Ismayel doomu Netaña
fu kenn yégul? Xanaa deesu ko wacc mu
rey la, Yudeen ñi daje woon fi yaw yépp di
tasaaroo, ndesu Yuda sànku?»
16 Gedalya ne Yoxanan: «Bul def loolu!
Li ngay waxal Ismayel ay fen la!»

# 41

## *Ismayel bóom na ñu bare*

1 Ba ñu demee ba ca juróom ñaareelu
weer wa ca at mooma, Ismayel doomu
Netaña doomu Elisama, askanoo ci ñi
moom Yuda te di njiitu jawriñi buur, ànd
ak fukki nit ba ca Gedalya doomu Axikam
ca Mispa. Ci kaw loolu, ñu bokk di lekk ca
kër Gedalya.
2 Ismayel jekki jóg, mook fukki nit ña mu
àndal. Ñu jam saamar Gedalya ma buuru
Babilon dénkoon réew ma, ba rey ko.
3 Ismayel reyaale mboolem Yudeen ña
nekkoon ak Gedalya ca Mispa ak xarekati
Babilon ya fa nekkoon.
4 Ba ñu bóomee Gedalya ba ca ëllëg sa, fu
kenn yégul,
5 mu am juróom ñett fukki nit ñu
bàyyikoo Sikem ak Silo ak Samari. Ña nga
wat seen sikkim, xotti seeni yére,
dagg-daggee seen yaram, di ko ñaawloo. Ñu
yor saraxu pepp ak cuuraay bu ñu indil
kër Aji Sax ji.
6 Ismayel génne buntu Mispa, gatanduji
leen. Ma ngay dox, jëm ca ñoom, di
jooy-jooylu ba dajeek ñoom, ne leen:
«Agsileen kër Gedalya doomu Axikam!»
7 Naka lañu dikk ba ca biir dëkk ba,
Ismayel ak ay nitam bóom leen, tàbbal
néew ya ci kàmb.
8 Fekk na mu am fukki nit ñu bokk ci
ñoom ñu ne woon Ismayel: «Tee nga noo
baña rey? Nun de am nanub denc ci àll bi.
Peppu belee nga ca ak lors ak diw ak lem.»
Loolu tax Ismayel fomm, ba boolewu leen
ak seeni bokk, rey.
9 Kàmb ga Ismayel sànni néewi nit ña mu
reyaaleek Gedalya mooy kàmb ga Buur
Asa mu Yuda gasoon ba ko Buur Basa mu
Israayil songee xare. Moom la Ismayel
doomu Netaña feesal aki néew.
10 Gannaaw loolu mu jàpp mboolem ña
des Mispa, di doomi buur yu jigéen ak
mboolem ña des Mispa, te Nebusaradan,
njiital dag ya, dénkoon leen Gedalya.
Ismayel jàpp leen njaam, daldi wutali
diiwaanu Amoneen ña.
11 Ba loolu amee Yoxanan doomu
Kareyax ak njiiti xare yi mu àndal yépp
dégg musiba mi Ismayel doomu Netaña
def mépp.
12 Ñu ànd ak seeni nit, topp ko ngir
xareek moom, ba dab ko ca déeg bu mag
ba ca Gabawon.
13-14 Ba nit ña Ismayel jàppe Mispa gisee
Yoxanan ak mboolem njiiti xare ya mu
àndal, dañoo bég. Ñoom ñépp walbatiku,
daw fekki Yoxanan doomu Kareyax.
15 Teewul Ismayel doomu Netaña ak
juróom ñetti nitam rëcc Yoxanan, daw
làquji réewum Amon.
16 Yoxanan doomu Kareyax ak
mboolem njiiti xare yi mu àndal nag boole
mboolem la des ca mbooloo ma Yonatan
xettali woon ca Ismayel doomu Netaña ca
Mispa, gannaaw ba Ismayel bóomee
Gedalya. Ay nit ñu Yoxanan jële woon
Gabawon a nga ca, diy góor: ay xarekat ak
bëkk-néegi buur aki jigéen aki gone.
17 Ñu dem ba dali ca dalukaayu Kimam,
ca wetu Betleyem, di waaj yoonu Misra,
18 ngir rëcc waa Babilon ñi ñu ragaloon,
ndax la Ismayel doomu Netaña bóom
Gedalya doomu Axikam ma buuru
Babilon dénkoon réew ma.

# 42

## *Toogaani Misra gënul*

1 Gannaaw loolu njiiti xare yépp jóg, ñu
ràññee ca Yoxanan doomu Kareyax ak
Yesaña doomu Osaya. Ñu ànd ak askan wa
wépp, dikk, ka gëna tuut ba ca ka gën di
mag.
2 Ñu ne Yonent Yàlla Yeremi: «Ngalla
danu lay dagaan, nga ñaanal nu ngir ndesu
askan wii ci sa Yàlla Aji Sax ji. Bare woon
nanu, waaye gis nga lu néew li des ci nun.

3 Ñaanal nu ngir sa Yàlla Aji Sax ji xamal
nu fan lanu wara jaare, ak lan lanu wara
def.»
4 Yonent Yàlla Yeremi ne leen: «Baax na.
Maa ngii di leen ñaanal seen Yàlla Aji Sax ji
ni ngeen ko waxe. Lu leen Aji Sax ji tontu,
dinaa leen ko yegge. Duma ci wacc baat.»
5 Ñoom it ñu ne Yeremi: «Mboolem kàddu
gu la sa Yàlla Aji Sax ji yóbbante ci nun, bu
nu ko deful, yal na Aji Sax ji doon seede bu
wér, bu dëggu bi nuy seedeel ag tooñ.
6 Mu neex, mu naqari, sunu Yàlla Aji Sax
ji nu la yebal lanuy déggal, ngir su nu
déggalee sunu Yàlla Aji Sax ji, dinanu
baaxle.»
7 Ñu teg ca fukki fan, kàddug Aji Sax ji
dikkal Yeremi.
8 Yeremi woo Yoxanan doomu Kareyax
ak njiiti xare yi mu àndal yépp, woo
mbooloo mépp, ñu dikk, ka gëna tuut ba ca
ka gën di mag.
9 Yeremi ne leen: «Aji Sax ji Yàllay
Israayil ji ngeen ma yóbbante seen dagaan,
dafa wax ne:
10 Su ngeen nangoo toog ba toog ci réew
mii, maa leen di defar te duma leen
daaneel. Maa leen di jëmbat te duma leen
buddat. Ndax ñeewante naa leen ci musiba
mi ma leen teg.
11 Buuru Babilon mii ngeen ragal,
buleen ko ragal! Kàddug Aji Sax jee.
Buleen ko ragal, ndax yeen laa àndal ngir
wallu leen, xettali leen ci moom.
12 Maa leen di yërëm ngir mu yërëm
leen, delloo leen ca seen suuf.
13 «Waaye su ngeen bañee déggal seen
Yàlla Aji Sax ji, naan: “Dunu toog ci réew
mii,
14 xanaa nu dem réewum Misra, fa nu
dul gise xare; coowal bufta buy yégle xare
sax dunu ko dégg. Dugub it dunu ko fa
ñàkke. Foofa lanuy dëkki;”
15 su boobaa nag dégluleen li ci Aji Sax ji
wax, yeen ndesu Yuda. Aji Sax ji Yàllay
Israayil, Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Su ngeen dogoo ba dogu,
nara dem Misra,
ba dem toogaani fa,
16 saamar ba ngeen ragal
moo leen di dabe réewum Misra,
xiif bi ngeen di xalaat
topp leen fa Misra,
te fa ngeen di deewi.
17 Képp ku dogu woona dem Misra,
ngir toogaani fa,
saamar lay deewe mbaa xiif mbaa mbas.
Du kuy mucc mbaa mu rëcc
musiba mi ma leen naral.
18 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi déy dafa wax ne: Su ngeen
demee Misra, ni sama mer ak sama xadar
yurikoo woon fi kaw waa Yerusalem, ni la
sama xadar naan yureet fi seen kaw.
Dingeen doon gentu alkànde, ñu di leen
móolooka sewal, te dungeen gisati miim
réew.»
19 Yeremi teg ca ne: «Yeen ndesu Yuda,
Aji Sax ji wax na leen ne leen: “Buleen
dem Misra.” Nangeen xam xéll nag ne
artu naa leen bésub tey.
20 Yeena sànk seen bopp ba ngeen ma
yebalee ci seen Yàlla Aji Sax ji, ne ma ma
ñaanal leen sunu Yàlla Aji Sax ji, te lépp lu
sunu Yàlla Aji Sax ji wax, naa leen ko
jottali, ngeen def ko.
21 Yegge naa leen tey jii li seen Yàlla Aji
Sax ji wax, waaye faalewuleen lenn ci
kàddu yi mu ma yóbbante ci yeen.
22 Léegi nag xamleen xéll ne saamar
akub xiif ak mbas moo leen di rey ca réew
mooma ngeen namma dem, toogaani fa.»

# 43

*Yóbbu nañu Yeremi*
1 Gannaaw ba Yeremi waxeek mbooloo
mépp, ba sottal mboolem kàddu yooyu ko
seen Yàlla Aji Sax ji santoon mu yegge leen
ko,
2 Asaryaa doomu Osaya ak Yoxanan
doomu Kareyax ak nit ñu bew ñooñu ñépp
jël kàddu gi. Ñu ne Yeremi: «Dangay fen!
Sunu Yàlla Aji Sax ji santu la nga fommloo
nu sunu yoonu Misra ga nu bëgga toogi.
3 Xanaa Barukk doomu Nerya kay moo
lay xiirtal ci sunu kaw, ngir teg nu ci loxol
waa Babilon, ñu rey nu, mbaa ñu yóbbu nu
ngàllo ca Babilon.»
4 Ci kaw loolu Yoxanan doomu Kareyax
ak yeneen njiiti xare ya yépp ak mbooloo
ma mépp gàntal Aji Sax ji, baña des réewum
Yuda.
5 Ba loolu amee Yoxanan ak njiiti xare
yépp yóbbu ña desoon ca Yuda ñépp, di

mboolem ña ñu njëkkoona sànni ca biir xeet
ya leen séq yépp te ñu ñibbisi woon réewum
Yuda,
6 góor ñaak jigéen ñaak gone yaak doomi
buur yu jigéen ya. Yóbbu nañu mboolem ña
Nebusaradan njiitu dag ya tegoon ci loxol
Gedalya doomu Axikam doomu Safan; ñu
yóbbaale Yonent Yàlla Yeremi ak Barukk
doomu Nerya.
7 Ñu dikk Misra, baña déggal Aji Sax ji,
daldi àgg dëkk ba ñuy wax Tapanes.
8 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
Yeremi ca Tapanes, ne ko:
9 «Jëlal ñaari doj yu mag yooy suuli ca
dëru ban ba ca bunt kër Firawna gi ci biir
dëkk bi, te na ko waa Yuda fekke.
10 Nga wax leen ne leen: “Aji Sax ji Yàllay
Israayil, Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Maa ngi nii di yónnee, ñu jëli
Nebukatnecar buuru Babilon mi ci samag
curga, ngir ma samp ngànguneem ci kaw
doj yii ma fi suul, mu yékkati fi xaymaam.
11 Bu dikkee dina tas réewum Misra: ku
wara médd, médd; kuy dugg njaam, duggi
njaam; ku ñuy faate saamar, saamar faat
ko.
12 Nebukatnecar dina jafal kër tuuri
Misra yi, lakk tuur yi, mbaa mu yóbbu
leen. Ni ab sàmm di dindee teeñi yéreem, ni
lay teeñe réewum Misra ba mu set wecc,
daldi daagu, dem yoonam.
13 Dina rajaxe tuuri doj ya sampe ca
jaamookaay ba tudd Bet Semes (muy firi
Këru Jant bi) ci biir Misra te dina lakk këri
tuur yi ci Misra.”»

# 44

*Bokkaale sabab na mbugal*

1 Gannaaw gi, kàddu dikkal na Yeremi,
jëm ci mboolem Yudeen ñi sancsi réewum
Misra, te dëkke Migdol ak Tapanes ak
Memfis ak diiwaanu Pattros. Mu ne:
2 «Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Yeena gis
mboolem musiba mi ma wàcce ci
Yerusalem ak dëkki Yuda yépp. Ñu ngi nii
tey jii gental, kenn dëkku ca.
3 Li ko waral di lu bon li ñu def, di ma
merloo; di taalal cuuraay aka jaamu
yeneen yàlla yu ñu xamul woon, du ñoom,
du seeni maam.
4 Yónnee naa leen ay yooni yoon
mboolem yonent yi, sama jaam ñi, ne leen:
“Rikk buleen def jëf ju siblu jii ma bañ.”
5 Waaye dégluwuñu, teewluwuñu, ba
dëddu seenug mbon, baña taalal yeneen
yàlla cuuraay,
6 ba ma boole sama mer ak sama xadar,
yuri, mu jafal dëkki Yudaak mbeddi
Yerusalem, ba ñu mujj tey jii di gent yu
tumurànke.
7 «Léegi nag, Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoor yi dafa wax ne: Ana lu jar
ngeen di teg seen bopp loraange ju réye
nii, ba nar fee xañ réewum Yuda képp kuy
góor mbaa jigéen, dale ci xale ba ci
perantal, ba dungeen dese kenn?
8 Yeena ngi may merloo ndax li ngeen di
def, di taalal yeneen yàlla cuuraay fii ci
Misra gi ngeen toogaansi. Seen bopp
ngeen dagg, sànni te dingeen mujj ñu di
leen móolooka sewal ci digg xeeti àddina
yépp.
9 Dangeena fàtte seen mbonug maam ya
ak mbonu buuri Yudaak seen mboni jabar
yaak seen mbonu bopp ak seen mbonu
jabari bopp ga ñu nekke woon ca réewum
Yuda ak mbeddi Yerusalem?
10 Kenn ci yeen réccuwul ba tey jii. Kenn
wormaalu ma mbaa mu jëfe sama yoon ak
sama dogal yi ma leen tegal, tegal ko seeni
maam.
11 «Moo tax Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoor yi dafa wax ne: Maa ngii
di jàkkaarlook yeen, ngir teg leen musiba,
ba faagaagal mboolem waa Yuda.
12 Maay tonni ndesi Yuda gi dogu woon
ba dikk réewum Misra, toogaansi fi. Dañuy
dee. Ñoom ñépp réewum Misra gii lañuy
daanoo. Saamar akub xiif a leen di faat,
dale ci ki gëna tuut ba ci ki gën di mag.
Saamar akub xiif lañu leen di faat, te
dinañu gental gentu alkànde, ñu di leen
móolooka sewal.
13 Maay dikkal ñi sancsi réewum Misra ni
ma dikkale Yerusalem, dikkaale saamar
akub xiif ak mbas.
14 Du kuy rëcc mbaa kuy dese bakkan ci
ndesu Yuda gi toogaansi fii ci réewum
Misra. Te it duñu dellu réewum Yuda ga ñu
namma ñibbi, lu moy ñu néew ci ñoom.»

15 Ñu baree nga fa woon, di mboolem ña
xamoon ne seeni jabar dañuy taalal
cuuraay yeneen yàlla ak mboolem jigéen
ña teew. Ñuy mbooloo mu réy, ñépp ña
sanci Misra, ba ca diiwaanu Pattros. Ñu
daldi ne Yeremi:
16 «Li nga nuy wax ci turu Aji Sax ji,
dunu ko déglu.
17 Nooy def ba defaatoo mboolem lu nu
digoo woon, di taalal cuuraay Lingeeru
asamaan, tuur mi, di ko tuural ay naan, na
nu ko daan defe naka jekk, nook sunuy
maam ak sunuy buur ak sunuy kàngam ci
dëkki Yudaak mbeddi Yerusalem. Teewul
dañu daan doyal dugub, di woomle, te
gisunu loraange.
18 Ba nu bàyyee taalal cuuraay Lingeeru
asamaan, tuur mi, ak di ko tuural, ca lanu
ñàkk lépp, teg ci saamar akub xiif di nu
sànk.»
19 Jigéen ña teg ca ne: «Te sax bu nuy
taalal cuuraay Lingeeru asamaan, di ko
tuural, mel ni sunuy jëkkër dañu koo
yégul? Xam nañu xéll ne nu ngi defal
Lingeeru asamaan ay nàkk yu koy jëmmal,
di ko tuural ay naan.»
20 Ba mu ko defee Yeremi wax ak
mboolem góor ñaak jigéen ña ko tontu
loolu, ne leen:
21 «Saraxi cuuraay yi ngeen di taal, yeen
ak seeni maam ak seeni buur ak seeni
kàngam, ak baadoolo yi ci biir dëkki
Yudaak mbeddi Yerusalem, ndax defe
ngeen ne Aji Sax ji yégu ko, am da koo
fàtte?
22 Aji Sax ji manatula dékku seen jëf ju
bon ak seen jëf ju siblu ji waral seenum
réew mel nii mu mel tey, di ndànd-foyfoy
gu gental gu ñuy móoloo, te kenn dëkku ci.
23 Li ko waral mooy yeena taalal
cuuraay tuur yi, moy Aji Sax ji, te
dégluwuleen ko, te it kàddug yoonam ak
dogali yoonam ak seedey yoonam,
jëfewuleen ci lenn. Moo waral musiba mi
leen dikkal nii tey.»
24 Yeremi teg ca wax ak ñépp, rawatina
jigéen ña ñépp, ne leen: «Mboolem yeen
Yudeen ñi ci réewum Misra, dégluleen
kàddug Aji Sax ji.
25 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoor yi dafa wax ne: Yeen ak seeni
jabar yeena wax ci seen làmmiñ, àggalee ko
seeni jëf. Ngeen ne dingeen def ba
defaatoo dige yi ngeen digee taalal
cuuraay Lingeeru asamaan, tuural koy
naan. Dëggalleen a dëggal seeni dige te jëfee
jëfe seeni dige.
26 Kon nag, yeen mboolem Yudeen ñi
sanc Misra, dégluleen kàddug Aji Sax ji.
Maa giñ ci sama tur wu màgg. Aji Sax jee
ko wax. Ma ne: sama tur, gémmiñug benn
Yudeen dootu ko tudd fi mboolem réewum
Misra naan: “Giñ naa ko ci Aji Sax jiy
dund.”
27 Maa ngi nii di leen teewloo seen
musiba, waaye du seen jàmm laa leen di
teewloo. Te mboolem waa Yuda ñi ci
réewum Misra dinañu sànkoo saamar akub
xiif, ba keroog ñuy jeex tàkk.
28 Ñu néew ay rëcc ci ay saamar,
walbatikoo réewum Misra, ñibbi réewum
Yuda. Waaye mboolem ndesu Yuda ga
dikkoon toogaansi Misra, dinañu xam kan
la kàddoom di sotti, sama gos walla seen
gos.
29 Te lii, nangeen ko def ab takk. Kàddug
Aji Sax jee. Maa ngii di leen dikke mbugal
ci bii béreb, ba ngeen xam ne samay
kàddooy sotti ba mat sëkk, di seen loraange.
30 Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di
waaja teg Firawna Xofra buuru Misra ci
loxol noonam yiy wut bakkanam, na ma
tege woon Cedesyas buurub Yuda ci loxol
noonam Nebukatnecar buuru Babilon ma
doon wut bakkanam.»

# 45

*Barukk mucc na*
1 Kàddu gii Yeremi waxoon na ko Barukk
doomu Nerya, gannaaw ba Barukk tënkee
ci taxañu mbind, kàddu ya ko Yeremi
dégtal ca ñeenteelu atu nguurug doomu
Yosya, Yoyakim buurub Yuda.
2 «Aji Sax ji Yàllay Israayil dafa wax ci
yaw, Barukk.
3 Nga ne: “Wóoy ngalla man! Aji Sax ji
yokk na maw naqar. Onk naa ba tàyyi te
awma noflaay.”
4 Aji Sax ji da maa sant ma wax la ne la:
“Aji Sax ji dafa wax ne:
La ma tabaxoon a ngii,
maa ngi koy daaneel,

la ma jëmbatoon a ngii,
maa ngi koy buddat,
ba réew mépp daj.
5 Looy sàkku ku la beral loxo?
Jaru ko!
Maa ngii di wàcceel musiba képp kuy noyyi.
Kàddug Aji Sax jee!
Waaye may naa la sa bakkan di sa yoolu xare,
fépp foo jëm.”»

## Kàddug waxyu dalati na xeet yi

# 46

*(Saar 46—51)*
1 Kàddug Aji Sax jii dikkal na Yonent
Yàlla Yeremi, jëm ci xeet yi.

### *Lu jëm ci Misra*

2 Lu jëm ci Misra:
Firawna buuru Misra bi ñuy wax Nekko,
ba ko Nebukatnecar buuru Babilon di
duma, ma nga woon ca Karkemis ca tàkkal
dexu Efraat. Mu yemook ñeenteelu atu
nguurug doomu Yosya Yoyakim buurub
Yuda. Kàdduy waxyu yii moo jëm ci Misra
ci wàllu diggante ba seen mbooloom xare
ma tollu woon:
3 «Ŋàbbleen pakkoo pakk te xareji.
4 Takkleen fas yi, war naaru-góor yi,
ba làng-déraale seen mbaxanay xare,
nàmmaat xeej,
sol yérey xare!

5 «Ana lu ma gis?
Waa Misraa jaaxle bay dellu gannaaw,
seeni jàmbaar falaxoo,
ne wëqét, geesuwuñu,
tiitaange ubale.»
Kàddug Aji Sax jee!
6 «Bu nit gaaw ba raw
mbaa mu jàmbaare ba mucc.
Bëj-gànnaar lañu féete, feggook dexu Efraat,
di tëréf, di daanu.

7 «Kii ku mu, muy fuddu ni dexu Niil,
di fuur ni wali ndox?
8 Misraa, mooy fuddu ni dexu Niil,
di fuur ni wali ndox.
Mu naan: “Maay fuddu, mëdd àddina,
sànk ab dëkk ak ña ca biir.”
9 Na fas buur, watiir fiddi,
jàmbaar sàqi:
waa Kuusoo waa Puut ak seeni pakk,
ak waa Ludd ak seeni xalaaki fii.
10 Waaye bésub keroog déy,
Boroom bi, Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko moom,
muy bésub feyu bu muy feyey noonam.
Saamar suur suux,
màndee deret.
Boroom bi, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
mooy rendee réewum bëj-gànnaar ab sarax,
feggook dexu Efraat.
11 Yaw Misra mu taaru mi,
demal ba Galàdd wuti diw, dàmpoo.
Faju, fajooti;
dara du la wéral!
12 Xeet yeey dégg sa toroxte,
sa yuux dajal àddina.
Jàmbaar téqtaloo jàmbaar,
ñu ànd ne fëlëñ!»
13 Kàddu gii dikkaloon na Yonent Yàlla
Yeremi, ba Nebukatnecar buuru Babilon
dikkee, di duma waa réewum Misra. Mu
ne:
14 «Yégleel lii Misra, yéene ko fa ca Migdol,
yéene ko fa ca Memfis ak Tapanes.
Neleen: “Dërleen, taxaw temm!
Saamar kat a ngi lekk li leen wër.”
15 Lu Apis, seen jëmmi tuur ma, di daw?
Lu tee seen yàllay yëkk jooju taxaw?
Xanaa Aji Sax jee ko bëmëx!
16 Moo bëmëx ñu bare,
ku nekk naan moroom ma:
“Jógal nu dellu ca sunuy bokk,
ca sunu réewum cosaan,
ba mucc saamaru noon.”
17 Dees na fa woyal Firawna buuru Misra,
naan ko:
“Coowal neen te bés wees.”

18 «Giñ naa ko ci man miy dund,»
kàddug Buur Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi di turam:
«noon ay dikk, mel ni tundu Tabor ci digg tund yi,
mbete tundu Karmel wi feggook géej.
19 Yaw mi dëkke Misra mu taaru mi,
ëmbal sa ëmb, jëm ngàllo;

* **46.19** ***Memfis:*** fii ñu ne Memfis, am na sotti yu fi indi turu Nof.

Memfis* dëkk bii kat ci gental la jëm,
di ndànd-foyfoy gu kenn dëkkul.
20 Misra daa mel ni jeegu nag bu yànj,
weñ ne waa waa, bawoo bëj-gànnaar.
21 Seen xarekat yi ñu bind sax
ñu ngi mel ni sëllu yu yaflu,
ñoom it ànd ne wërëñ, wëqét,
kenn taxawul!
Bésu safaan a leen dikkal,
seen mbugal taxaw,
22 ñu daw di faraas-faraasiy wéy ni jaan.
Doole la noon songe Misra,
dikke leeni sémmiñ ni gorkati garab.
23 Lu gott fatt fatt, ñu gor.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Ñoo gëna barey njéeréer,
ba maneesu leena lim.
24 Gàcceel nañu Misra mu taaru mi,
teg ko ci loxoy xeeti bëj-gànnaar.»
25 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi wax na ne: «Maa ngii di
dikke mbugal Amon, tuuru dëkk bii di No,
ak Firawnaak waa Misraak seeni tuur ak
seeni kàngam, boole ci ñi yaakaar Firawna.
26 Maa leen di teg ci loxoy ñiy wut seen
bakkan, di Nebukatnecar buuru Babilon
aki jawriñam. Gannaaw loolu dees na
dëkkewaat Misra na woon.» Kàddug Aji Sax
jee!

*Israayil dina xettaliku*

27 «Yaw Yanqóoba sama jaam bi nag, bul
tiit;
yaw Israayil, ma ne bul ragal.
Maa ngii di la wallusi,
jële la fu sore,
jële sa askan
fa seen réewu njaam ga,
Yanqóoba délsi,
dal, aaru, du tiitati.
28 Yaw Yanqóoba sama jaam bi, bul tiit.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Yaw laa àndal.
Maay faxas mboolem xeet yi ma leen
sànni woon,
waaye yeen, duma leen faxas.
Duma leen ñàkka duma moos,
waaye dinaa leen yar lu yem.»

# 47

*Lu jëm ci Filisteen ñi*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkaloon na Yonent
Yàlla Yeremi jëm ci Filisteen ñi, balaa
Firawna di song dëkkub Filisteen ba ñuy
wax Gasa.
2 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Ndox a ngay fuddoo bëj-gànnaar,
diy waame, walsi,
walal réew meek li ci biiram
akub dëkk ak ku ci biiram;
doom aadama yuuxu,
waa réew mépp serandoo.
3 Booba fas yaa ràmbal,
watiir ya riir,
mbegey watiir ya kar-kareendoo,
loxo yoqi, ba baay geesuwul doom,
4 bésub sànkute dikkal képp kuy Filisteen,
ba dagge ci dëkk yii di Tir ak Sidon
ndimbal lu ñu dese woon.
Aji Sax jaa ngay sànk Filisteen ña des
te cosaanoo dun bu ñuy wax Keret.
5 Watu nel, ñaawloo dikkal na Gasa,
te wedamloo nañu Askalon.
Yeen ñi dese joor gi,
fu ngeen àppal seen yaram wi ngeen di
daggat, di ko ñaawloo?
6 Ngeen naa: “Wóoy saamaru Aji Sax jii,
xanaa doo noppee reye?
Dellul ci sa mbar, boog,
dallu, ne tekk!”
7 Waaye yaw saamar, naka nga mana
selaŋloo
te Aji Sax ji yebal la
ci kaw Askalon ak waa tefesu géej,
fa mu ko dogale?»

# 48

*Lu jëm ci réewum Mowab*

1 Lu jëm ci Mowab:
Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom
gàngoori xare yi dafa wax ne:
«Ngalla waa Nebo, seen dëkk ba yàqu na!
Kiryaatayim, ñu toroxal, nangu ko;
tata ja daanu, tasaaroo.
2 Mowab amatul woy,
fa Esbon la leen noon ya fexeel lu bon,
ne: “Aycaleen nu raafal wii xeet!”
Yeen waa Madmen it, ñu wedamal;
saamar topp leen.
3 Yuux jibe na Oronayim,
ndaw salfaañook rajaxoo ju réy!
4 Mowab tas, ay fereem serandoo.

5 Ñay yéeg jëm Luxit, di jooyoo.
Ña ngay yéeg, di jooyoo.
Ñay wàcci Oronayim di dégg aji jàq jiy yuuxoo.
6 Ñu naan: "Dawleen, rawale seen bakkan,
ba tumurànkeji ni gajju màndiŋ!"
7 Mowab, yeena yaakaar dooleek alal,
yeen it, dees na leen jàpp;
Kemos seen tuur mi duggi ngàllo,
mooki sarxalkatam aki kàngamam.
8 Dëkkoo dëkk ay yàqtoo,
benn dëkk du mucc!
Waa xur wii sànku,
waa joor gee yàqtoo.»
Muy la Aji Sax ji wax.
9 «Gasalleen Mowab,
day sànku moos,
ay dëkkam gental,
kenn du fa des!
10 Alkànde ñeel na kuy sàggane liggéeyu Aji Sax ji.
Alkànde ñeel na kuy xañ deret saamaru Aji Sax ji.

11 «Mowab a dale féex cag ndawam,
kenn jàppu ko njaam, yóbbu,
sotteesu ko ndab ak ndab,
xanaa mu ne degg ni biiñ bu taaje,
di saf, di xeeñ ba tey.
12 Moo tax ay bés a ngii di ñëw,»
kàddug Aji Sax jee,
«maa leen di yónnee ay nit ñu sotti diw gi,
ndab, soteet; njaq, rajax.
13 Yaakaaru Mowab ci Kemos tuur mi tas,
ni yaakaaru waa kër Israayil ci Betel ma ñu wóolu tase woon.

14 «Yaw réewu Mowab, du yaay kañu,
naan jàmbaar nga,
diy ñeyi xare?
15 Song nañu Mowab, yàqate ay dëkkam;
la man ci ay ndawam daanu dee.»
Kàddug Buur Aji Sax jee, Boroom gàngoori xare yi.
16 «Musibay Mowab a ngi jegesi,
safaanam làbbaleeti, wuti ko.
17 Mboolem yeen ñi wër xeet wii, jooyleen ko;
yeen ñi dégg turam ñépp, jooyleen ko.
Neleen: "Moo, nu gii nguur mana foqe,
ba foqaale jii daraja?"
18 «Yeen waa Dibon, dëkk bu taaru bi,
wàccleen seen teraanga ju kawe
te toog ci digg maral;
kiy yàqatesi Mowab kat song na leen,
di màbbsi seeni tata.
19 Yeen waa Arower,
taxawleen fi yoon wi te teewlu;
góor gu fi jaare mbaa ndaw su rëcc, di daw,
ngeen laaj ko ne ko: "Lu xew?"
20 Ñu ne: "Gàcce ñeel na Mowab gii tas!"
Yuuxooleen, ne wóoy!
Yéeneleen fa tàkkal dexu Arnon,
ne Mowab tas na!
21 Mbugal dikkal joor gi,
dikkal dëkk yii di Olon, Yaxacc ak Mefaat
22 ak Dibon ak Nebo ak Bet Diblatayim
23 ak Kiryaatayim ak Bet Gamul ak Bet Mewon
24 ak Keryot ak Boccara,
mboolem dëkki Mowab daal,
fu jegeek fu sore.
25 Sidditu Mowab day dog,
loxoom damm.»
Kàddug Aji Sax jee!
26 «Du Mowab a doon diir Aji Sax ji mbagg?
Nañu leen màndal sànjum Aji Sax ji,
ba ñu waccu, di ca xuus,
ba ñoom it, ñu di leen ree.
27 Waa Mowabee, du yeena doon ree Israayil?
Dangeen leena fekk ci biiri sàcc,
ba fu ngeen leen tudde, wëcc bopp?
28 Yeen waa Mowab,
baleen dëkk yi, dëkke paxi doj.
Defleen niy xati,
tàgge peggi xunt.

29 «Noo dégg ni Mowab bewe,
bew lool,
réy, reew, di damu;
ne daŋŋ-daŋŋiiral.
30 Maa xam seen reewande,»
kàddug Aji Sax jee,
«seeni kañu neen la,
seeni jëf di neen.
31 Moo tax may jooy Mowab,
di wooteel wall Mowab gépp,
di yuuxul waa Kir Eres.
32 Yaw reseñu Sibma gi,
ma jooyal la lu raw la ma jooyal Yaser.
Yaw la say car jàlloon géej,
àkki géeju Yaser,

sa figg jeek sa reseñ, noon yàqate.
33 Tukkal nañu mbégteek bànneex
fi tóokëri réewum Mowab.
Maa ŋacc mbàndi biiñ ya,
kenn nalatu fa reseñ, di soowoo
coowal mbégte, xanaa ay yuux.
34 Yuux jibe na Esbon, ba Elale, àkki ba
Yaxacc
ak Cowar ba Oronayim ak Eglat Selisiya.
Ndoxi Nimrim sax ŋiis na.
35 Maay bóome biir Mowab.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Maay bóom kuy joxe sarax ci bérebi
jaamookaay yi,
di taalal am tuuram cuuraay.
36 Naa jooy Mowab jooyi xol
yu toxoro di jooye ab dëj,
na toxoro di jooye dëju waa Kir Eres.
Lu ñu dajale woon sànku na!
37 Ñoom ñépp a nelu,
wat seeni sikkim,
daggat seeni loxo,
sol ay saaku, di ko ñaawloo.
38 Kaw taaxi Mowab yépp aki péncam,
fépp ay yuuxoo di jib.
Maa toj Mowab
ni ndab lu kenn soxlaatul.»
Kàddug Aji Sax jee.
39 «Yuuxooleen, ne leen: “Céy gii yàqtoo!
Mowab gii wone gannaaw! Mowab rus
na.”
Ñi ko wër ñépp a koy reetaan, di ci raf.»
40 Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Lu mel ni jaxaay a ngii naa jàyy,
firiy laafam, këfsi Mowab.
41 Dees na teg Keryot ga ca Mowab loxo,
ne tata ya taral;
su keroogee fitu jàmbaar ne tërit,
mu mel ni kuy matu.
42 Mowab day sànku, ba xeetam fey.
Ñoo doon diir Aji Sax ji mbagg.
43 Yeen waa Mowab,
pat-pati rekk, di tàbbiy pax aki yeer.»
Kàddug Aji Sax jee.
44 «Pat-patiy daw, tàbbim pax;
génnum pax, tàbbim yeer.
Maay yen Mowab, maa leen di yen moos
seen atum mbugal.»
Kàddug Aji Sax jee.
45 «Fa keppaaru Esbon lañuy daw taxawi,
doole dëddu.
Booba sawaraa tàkke Esbon, di law;
sël-sëlee foofa ca péeyu Buur Sixon,
ba dajal réewum Mowab, nitu coow ña,
boole jë akum kaaŋ xoyom.
46 Wóoy, waa Mowab, ngalla yeen!
Yeen ñiy jaamu Kemos, sànku ngeen!
Dees na jàpp seen doom yu góor njaam;
jigéen ñi it, njaam.

47 «Du tee fan yu mujj ya,
ma tijji wërsëgu Mowab.»
Kàddug Aji Sax jee.
Fii la àtteb Mowab yem.

# 49

## *Lu jëm ci Amoneen ñi*

1 Lu jëm ci Amoneen ñi:
Aji Sax ji dafa wax ne:
«Xanaa Israayil daa amuli doom?
Am daa amul dono?
Lu tax Milkom tuur mi donn suufas Gàdd*,
ba ay jaamukatam sanc dëkki Gàdd?
2 Moo tax ay bés a ngii di ñëw,»
kàddug Aji Sax jee,
«maay dégtal Raba, dëkku Amoneen ñi,
coowal xare ci seen biir,
tund wa gental,
dëkk-dëkkaan ya tàkk ba jeex,
ba keroog Israayil futti ñooña ko futti
woon.»
Aji Sax jee ko wax.

3 «Éy waa Esbon, Ayi seen dëkk bi tas na,
yuuxuleen!
Yeen waa dëkk yi séq Raba,
solleeni saaku, ñaawloo,
jaab diggante tata yi, tiisloo.
Milkom seen tuur mi déy duggi na ngàllo,
ànd aki sarxalkatam aki kàngamam.
4 Céy Raba, bii dëkk bu taaru, toogadi,
ndax yeena doon damoo xur yi,
ba ci seen xur wu naat wii?
Yeena yaakaaroon seeni denc,
naan: “Ku ñemee dal ci sunu kaw?”
5 Maa ngii di wàcce njàqare ci yeen,»
kàddug Boroom bi Aji Sax jee, Boroom
gàngoor yi,
«njàqare luy bawoo fi leen wër fépp,

* **49.1** ***Milkom,*** tuuru Amoneen ñi la woon, te ***Gàdd*** ci suufas Israayil la bokkoon.

dàq leen, ku ne jubal yoonam,
du kenn kuy dajaleeti daw-làqu yi.
6 Waaye bu loolu weesoo,
ma tijji wërsëgu Amoneen ñi.»
Kàddug Aji Sax jee.

## *Lu jëm ci Edomeen ñi*

7 Lu jëm ci Edomeen ñi:
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Xanaa boroom xel amatul fi Teman?
Xanaa ndigal a réer xamkat yi?
Am seen bopp a yàqu?
8 Yeen waa Dedan,
walbatikuleen daw, ruuru ci seeni pax.
Maa ngi wàcce ci askanu Esawu† safaan,
seen mbugal taxaw na!
9 Su leen wittkati reseñ dikkalee, xanaa dinañu ca wacc ay doom?
Su leen ay sàcci guddi dikkalee,
du la leen doy lañuy sëxëtoo?
10 Waaye yeen askanu Esawu,
man maa leen di ñori, ba ngeen ne duŋŋ.
Maay siiwal seeni rawtu,
ba dootuleen mana làqu;
seeni goneek seeni bokk, ñépp ay sànku,
seeni dëkkandoo sax, kenn du ca des ku naan:
11 "Jirim yi ngeen bàyyi,
maa leen di dundal,
te seeni jëtun man nañu maa yaakaar."
12 Ndegam ñi yeyoowul mbugal
ñooy jolu kaasu mbugal,
nees leen di ñàkka toppe, yeen?
Dees na leen topp moos,
ngeen jolu kaasu mbugal.
13 Giñ naa ko ci man mii, déy,»
kàddug Aji Sax jee,
«Boccara, dëkk bii day mujj di gent bu ñu doyadal,
ndànd-foyfoy gu ñuy móoloo,
dëkk-dëkkaanam yépp gental ba fàww.»

## *Yeremeey wax*

14 Ab dégtal laa dégg, mu bawoo fa Aji Sax ji,
ndaw la yebal ci biir xeet yi, ne leen:
«Dajeleen waajal xare te song Edom xare!
15 Yeen waa Edom, tuutal leen laay def ci biir xeet yi,
ñu xeeblu ngeen di doon ci biir doom aadama yi.
16 Seen ragluwaay ak seen reewande sànk na leen,
yeen ñi dëkke xunti doj,
féetewoo colli tund yi.
Waaye su ngeen ajee seenum tàgg ni jaxaay it,
fa laa leen di àjjee.»
Kàddug Aji Sax jee.
17 «Edom day mujj gental,
ku fa jaare waaru,
di muslu ci seen mbugal yépp.
18 Edom day tas ni Sodom ak Gomor ak la ko wër.»
Aji Sax jee ko wax.
«Nit du ca dëkk,
doom aadama du fa dal.
19 Maa ngii di fëlle gottub Yurdan ni gaynde,
wuti mbooy gu naat.
Xef ak xippi déy, ma fëxale fa ñépp,
ba tabb fa ki ma tànn.
Ana moos ku mel ni man?
Ku am sañ-sañ ci man?
Ana njiit luy taxaw fi sama kanam?
20 Kon dégluleen pexe mi Aji Sax ji waajal Edom,
mébét yi mu mébétal waa Teman ñooñu!
Na leen wóor ne deesu leen wommat ni seen gàtt yu ndaw, yóbbu,
ba yàq seen parlu yaxeet.
21 Seen jéll day réy ba riiral suuf,
seeni yuux àkki géeju Barax ya.
22 Lu mel ni jaxaay a ngii, naan fëyy,
firiy laafam, këfsi Boccara.
Bésub keroog fitu jàmbaari Edom ne tërit,
mel ni kuy matu.»

## *Lu jëm ci Damaas*

23 Lu jëm ci Damaas:
«Dëkk yu mag ya ko wër,
di Amat ak Arpàdd, jàq nañu;
dég-dég bu tiis ba ñu dégg la.
Dañu ne yàcc, jaxasoo,
mbete géej gu sàmbaraax, deesu ko dalal.
24 Damaas a ne yasar, ne wërëñ, di daw;
tiitaange ne leen nuus,
njàqareeku mitit ne leen taral
ni kuy matu.

† **49.8** ***Esawu*** ak Edom, kenn ki la. Askanu Esawu ñoo dëkke woon réewum Edom.

25 Lu tee ñu gental bii dëkk bu siiw,
di taax yii ma saf?
26 Su bés baa kay, seeni waxambaane
fëlëñoo pénc yi,
seeni xarekat wedam.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
27 «Maay taal ca tatay Damaas
sawara wu xoyom këri Buur Ben Addàd.»

### *Lu jëm ci Arabi Kedar ak Àccor yi*

28 Lu jëm ci giiru Kedar ak nguuri Àccor
yi Nebukatnecar buuru Babilon nangu
woon:
Aji Sax ji dafa wax ne:
«Ñokket ci kaw Kedar,
ba tas waa penku yooyu,
29 nangu xaymaaki jur,
ak kiiraay ak luy jumtukaay,
yóbbu seeni giléem,
te biral leen, ne leen:
"Musiba ubale na!"
30 Yeen waa Àccor,
fëxleen te daw a daw,
ruurooji ci seeni pax.»
Kàddug Aji Sax jee.
Mu ne: «Nebukatnecar buuru Babilon déy,
lalal na leen pexe,
mébal leen.

31 «Ayca ci kaw xeet wii ne finaax,
dëkke xel mu dal!»
Kàddug Aji Sax jee.
«Du bunt, du galanu weñ gu ñu fegoo,
te ñoom rekk a dëkk.
32 Dees na nangu seeni giléem,
tonni seen juroo jur,
ma tasaare ñooñuy wat seen peggu
kawaru bopp,
ngelaw lu jóg, buub leen, yóbbu,
ma yéewe leen seen musiba, wetoo wet.»
Kàddug Aji Sax jee.
33 «Àccor day doon dëkkub till,
gental ba fàww;
nit du fa dëkk,
doom aadama du fa dal.»

### *Lu jëm ci Elameen ñi*

34 Kàddug Aji Sax ji dikkaloon na Yonent
Yàlla Yeremi, jëm ci Elameen ñi, ci
njàlbéenu nguurug Cedesyas buurub
Yuda. Mu ne:
35 Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi dafa
wax ne:
«Damay damm fittu Elam,
seen ngëneelu ngànnaay.
36 Maay ngelawe ñeenti weti asamaan,
dal fi kaw Elam,
tasaare leen fépp fu ngelaw jublu,
ba daw-làquy Elam, du am wenn xeet wu
ñu dul làquji.
37 Maa leen di xoqtal fi seen kanami noon,
yiy wut seen bakkan,
alage leen sama tàngooru mer.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Maa leen di toppe saamar,
ba raafal leen.
38 Maay déjjatee Elam buur ak bummi,
samp fa samab jal.»
Kàddug Aji Sax jee.
39 «Waaye fan yu mujj ya,
maay ubbiwaat wërsëgu Elam.»
Kàddug Aji Sax jee.

## 50

### *Babilon daanu na*

1 Kàddu gii la Aji Sax ji wax ci mbirum
réewum Babilon, di réewum Kaldeen ña, te
Yonent Yàlla Yeremi jottali ko:
2 «Waxleen xeet yi, yéeneleen,
woneleen misaal te yéene,
waxleen lii, bañ cee làq dara.
Neleen: "Dees na nangu Babilon,
toroxal Bel mbaa Mardug, tuur mi,
tas ko,
gàcceel gàllaaj yi, tas kasaray tuur yi."
3 Aw xeet kay ay bawoo bëj-gànnaar, dal fi
seen kaw.
Ñooñooy gentalsi seenum réew,
ba kenn dootu fi dëkk,
nit ak mala, ne mott, ne mes.
4 Su bés baa, ci yooyu fan,»
kàddug Aji Sax jee,
«bànni Israayil ay ànd ak Yudeen ñi,
dikk di jooy,
di seet seen Yàlla Aji Sax ji.
5 Dinañu laaj yoonu Siyoŋ, jublu fa
te naan: "Ayca nu dajeji fa Aji Sax ji,
ci biir kóllëre gu sax gu kenn dul fàtte."

6 «Sama ñoñ ñi réer niy xar,
seeni sàmm a leen lajjal,
sànk leen fi kaw tund yi,
ba tundoo tund, ñu yéegi fa,
fàtte seen goorukaay.

7 Noon bu taseek ñoom warax leen
te naan: “Nun defunu dara.
Ñoom ñoo moy Aji Sax ji,
te mooy màkkaanu njubte
ba seeni maam yaakaaroon.”

8 «Yeen sama ñoñ, fëxeleen Babilon,
ba sore réewum Kaldeen ñooñu.
Defleen niy sikket, daw jiitu jur gi.
9 Maa ngii déy di xabtal fi kaw Babilon,
kuréelu xeet yu mag, bawoo réewum
bëj-gànnaar,
làng-déralsi Babilon!
Seeni fitt di ñeyi xare,
du moy, du sooy.
10 Réewum Babilon a doon alalu sëxëtoo,
bu ñuy sëxëtoo ba doyal.»
Kàddug Aji Sax jee.
11 «Ãa yeen waa Babilon, yeena sëxëtoo
xeet wi ma séddoo,
di ko bégeeka bànneexoo,
di bajantu ni nag wuy bàcc pepp,
di ŋexal ni naaru-góor!
12 Ndaw gàcce gu réy ci seen ndey,
ndaw toroxte ci ki leen sukk jur!
Réew maa ngii di geenu réew yi,
di ndànd-foyfoy gu wow koŋŋ.
13 Kenn du fi des ndax merum Aji Sax ji,
lépp ay gental,
ba képp ku jaare Babilon,
day waaru, di muslu
ci mboolem mbugal ya fa dal.
14 Yeen fittkat yépp, làng-déralleen Babilon,
gaw ko, soqeendoo, baña yaxanal!
Ñoo moy Aji Sax ji!
15 Xaaculeen fi kawam, wër ko,
Babilon daanu na, ba joxe ndodd,
tata ya màbb, dàbbali ya rajaxoo!
Aji Sax jeey feyu, feyuleen!
Na mu defoon, defleen ko ko.
16 Génneleen Babilon képp kuy ji ak kuy
góob,
ku fay gan, na daw saamaru noon,
fëx jëm réewam,
dellu cay bokkam.

17 «Waa Israayil diy gàtt yu tasaaroo,
yu ay gaynde dàq,
buurub Asiri di gaynde gi njëkka lekk,
Nebukatnecar buuru Babilon topp ca,
seeñu yax ya.»
18 Moo tax Aji Sax ji Yàllay Israayil,
Boroom gàngoor yi ne:
«Maa ngii di dikkal buuru Babilon ak waa
réewam,
na ma dikkale woon buurub Asiri.
19 Maa ngii di delloo Israayil parloom,
mu dellu di fore àllub Karmel ak Basan,
di regge tundi Efrayim ak Galàdd.
20 Su bés baa, ci yooyu fan,»
kàddug Aji Sax jee,
«dees na seet fi Israayil lu ñaaw, te du fi am;
fi Yuda it, deesu fi gis bàkkaar.
Maay jéggal moos ndes wi ma fi saxal.

21 «Songleen réewum Meratayim ak waa
Pekodd*,
reyleen leen, faagaagal lépp lu ñu bàyyi
gannaaw.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Defleen mboolem li ma leen sant.
22 Coowal xaree ngi fi réew mi,
ak rajaxoo ju réy.
23 Babilon, réew mi daan wàkk mboolem
àddina,
tey mu dammatoo ba rajaxoo nii,
dib gent ci biir xeet yi!
24 Babilon, maa la fiir,
nga tancu te yéguloo!
Dañu laa gis, ne la taral,
yaa dëkk Aji Sax ji,
25 Aji Sax ji ubbi na waxandey xareem,
mer, génney gànnaayam.
Liggéeyu Boroom bee, Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi,
foofa ca réewum Babilon.
26 Songeleen ko fu ne,
dàjji ay sàqam, jal-jalee.
Faagaagalleen lépp, ba du dese dara.
27 Jamleen seen jàmbaari yëkk yépp;
nañu dem ca rendikaay ba.
Wóoy, ngalla ñoom!
Seen bés taxaw na moos,
di seen àppu mbugal.
28 Baatu daw-làqu yu rëcc a ngoog,
bawoo réewum Babilon,
di yeggesi waa Siyoŋ
mbugalum Aji Sax ji sunu Yàlla,
mbugal mi këram waral.

* **50.21 *réewum Meratayim ak waa Pekodd,*** ci Babilon lañu bokk.

29 Wooleen fittkatoo fittkat fi kaw Babilon,
mboolem kuy tàwwi xalaaki fitt.
Gawleen ko, bu kenn rëcc.
Feyleen koy jëfam,
def ko ni mu def moroomam.
Babilon a jaay reewande Aji Sax ji,
Yàlla Aji Sell ji séddoo Israayil.
30 Moo tax bésub keroog
goneem yu góor di daanu ci ay péncam,
niti xareem yépp ne muut.»
Kàddug Aji Sax jee.
31 «Yaw Babilon mu daŋŋiiral mi, maa ngii fi sa kaw.»
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee, Boroom gàngoori xare yi.
«Sa bés dér taxaw na,
di àpp bi ma la wara mbugale.
32 Ku daŋŋiiral keey tërëf, fëlëñu,
te du am ku ko yékkati.
Maay jafal ay dëkkam,
sawara wa xoyom lépp lu ko wër.»
33 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Bànni Israayil ak Yuda, ñépp lañu nootandoo.
Ñi leen jàpp ñépp jaay leen doole,
bañ leena ba.
34 Waaye seen jotkat a am doole,
te mooy Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.
Moo leen di layool seen layoo,
ngir jàqal réewum Babilon,
jàmmal waa àddina yi ci des.

35 «Saamar ci kaw waa Babilon!»
Kàddug Aji Sax jee.
«Saamar ci kaw waa Babilon
aki kàngamam aki kaaŋam.
36 Saamar ci kaw kebetukati diine yi,
ba seenug ndof feeñ.
Saamar ci kawi jàmbaaram,
ñu ne yàcc.
37 Saamar ci kaw fas ak watiiram,
ak mboolem niti njaxasaan ñi mu fat,
ba ñu mel niy jigéen.
Saamar ci kawi dencam, ñu sëxëtoo.
38 Maral ci kawi waltanam, mu ŋiis;
mii réew mu nit ñiy jaamoo jëmmi tuur,
ñooy say ndax seen tuur yu ñàng yooyu.
39 Moo tax ay ndundati màndiŋ ak rabi àll a koy këroo,
bànjóoli dëkke ko,
kenn dootu fa desati,
kenn dootu fa dëkk mukk ba fàww.
40 Mu mel ni ba Yàlla tasee Sodom ak Gomor,
tasaale la ko wër.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Nit du fa dëkkati,
doom aadama du fa dalati.

41 «Aw askan a ngii, bàyyikoo bëj-gànnaar,
xeet wu mag lañuy doon, buur yu bare,
sàqee fa cati àddina.
42 Yeen waa Babilon, réew mu taaru mi,
fitt aku xeej la ñooñuy ŋàbb,
néeg lool, duñu yërëm,
seen coow ni riirum géej,
ñu war seeni fas, rëpptal,
làng-déral leen ni benn bopp ngir xare.
43 Buuru Babilon dégg riir ma,
loxo ya yoqi, njàqare ne ko taral,
mu jàq ni kuy matu.
44 Maa ngii, di fëlle gottub Yurdan ni gaynde,
wuti mbooy gu naat.
Xef ak xippi dér, ma fëxale fa ñépp,
ba tabb fa ki ma tànn.
Ana moos ku mel ni man,
ku am sañ-sañ ci man?
Ana njiit luy taxaw fi sama kanam?
45 Kon dégluleen pexe mi Aji Sax ji waajal Babilon,
mébét yi mu mébétal réewum Kaldeen ñooñu!
Na leen wóor ne deesul wommat seen gàtt yu ndaw, yóbbu,
ba yàq parlu ma yaxeet.
46 Bu ñuy nangu Babilon,
riir ma day jolli ba riiral suuf,
seeni yuux àkki fa biir xeeti jàmbur ya.»

# 51

1 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Maa ngii di yebal ngelawal yàqkat fi kaw Babilon,
fi kaw waa Lew Kamay gii*,
2 Maay yónnee Babilon ay beeskat
yu ko bees, tonni réew ma, ba mu set.
Keroog bésu safaan ba dér,
fu ne lañu koy songe.

* **51.1** ***Lew Kamay:*** li muy tekki ci làkku ebrë mooy «xolu noon yi», di turu kumpa wu bànni Israayil daan woowe waa Babilon.

3 Buleen leen may fu ñu taxaweek seen
kiiraay, di fitte;
buleen ñéeblu seeni waxambaane,
faagaagalleen seen gàngoor gépp.
4 Ñii dee, ne wetar réewum Babilon;
ñee gaañu, ne lasar ca mbedd ya.
5 Israayil ak Yuda ñàkkuñu seen Yàlla,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
te réewum Babilon fees naaki moy
yu ñu moy Yàlla Aji Sell ji séddoo Israayil.

6 «Yeen gan ñi, génnleen Babilon,
ku ne rawaleji sa bakkan.
Buleen ñaawtéefu jàmbur sànkaale;
lii àppu mbugal la bu Aji Sax ji matal;
seen añ la, bu mu leen añale.
7 Aji Sax jee yor Babilon ci loxoom, muy
kaasu wurus bu def xadaru xeet ya,
di màndal mboolem àddina;
xeet ya naan ca,
ba tax ñuy say.
8 Teewul Babilon jekki daanu, tasaaroo.
Jooyleen ko,
dàmp ko, seral mititam,
jombul mu wér.»

*Gan ñaay wax*

9 Bu nu sañoon faj Babilon, mu wér,
waaye wérul.
Nan ko ba te dem,
ku ne ñibbim réewam.
Àtteb Babilon kat àgg na asamaan,
àkki na fa kaw niir ya.

*Bànni Israayil ay wax*

10 Aji Sax ji jox na nu dëgg.
Nanu yeggeji waa Siyoŋ
jaloorey Aji Sax ji, sunu Yàlla.

*Yàllaay wax*

11 «Nàmmleen fitt yi, feesale mbar yi!
Aji Sax ji xabtal na buuri Medd fi kaw
Babilon,
nar koo tas.
Lii mbugalu Aji Sax jee,
mbugal mi këram waral.
12 Yékkatilleen tatay Babilon raayab xare,
yokkleen wattukat yi,
taxawal leen fa ñuy wattoo,
te waajal tërukat yi.
Aji Sax ji def na li mu waxoon
ne dina ko def waa Babilon.
13 Yeen ñi dëkke weti ndox yu ne xéew,
seen alal ne xéew,
seen muj taxaw na,
seen buumu bakkan dog na.
14 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi giñ na ci
boppam:
Maa leen di same ay nit niy njéeréer,
ñu xaacu, song leen.»

*Cant, ñeel ki bind lépp*

15 Suuf, Aji Sax jee ko sàkke kàttanam;
dun bi, mu sampem xelam;
asamaan, mu lale xam-xamam.
16 Bu àddoo, ndoxum asamaan riir;
mu yéegey niir fa cati àddina,
riddee ngelaw fa dencam ya,
daldi melax, taw.
17 Nitoo nit dim sanax, sore xam-xam,
te képp kuy tëgg sa jëmmu tuur, yaa añe
gàcce.
Sa jëmmi weñ ji nga xelli, di neenug neen,
noowug bakkan, tus!
18 Cóolóolu neen, liggéeyu caaxaan;
bu bésam taxawee, mu sànku.
19 Ki séddoo Yanqóoba déy wuute naak yii
caaxaan.
Kee bind lépp,
bind giir gi mu séddoo.
Kookooy Aji Sax ji Boroom gàngoori xare
yi!

*Yàllaay wax*

20 «Yaw Babilon, yaa doon sama wàkku,
sama marto biy sama ngànnaay,
ma di la dóore xeet yi,
rajaxee la réew yi,
21 dóore la fas ak gawaram,
dóore la watiir ak dawalkatam,
22 dóore la góor ak jigéen,
dóore la mag ak ndaw,
dóore la waxambaaneekub janq,
23 dóore la sàmm ak géttam,
dóore la beykat ak nag ya mu lëkkale,
dóore la kàngam ak jawriñ.
24 Waaye mboolem lu Babilon ak waa réew
mépp def ci Siyoŋ,
maa leen koy fey, ngeen di gis, yeen
Yudeen ñi.»
Kàddug Aji Sax jee.
25 «Maa ngii déy, fi sa kaw, yaw Babilon,
ponkalum yàqkat bi,»
kàddug Aji Sax jee,
«yaw miy yàq àddina sépp.
Maay tàllal sama loxo fi sa kaw,
taxañe la fa kaw doj ya,

def la ponkalum jalu dóomu-taal.
26 Deesul seppee fi yaw doju koñu tabax bi,
mbaa doju tabax wu bokk ci fondmaa,
nde gent ngay doon ba fàww.»
Kàddug Aji Sax jee.
27 «Yékkatileenub raaya fi réew mi
te wal ay bufta, yégal xeet yi xare.
Dajaleleen xeet yi fi kaw Babilon,
te xabtal fi kawam réew yii:
Araraat ak Minni ak Askenas.
Tabballeen ko njiitu xare mu ko song,
indil koy fas yu saf ndiiraani njéeréer.
28 Dajaleleen xeet yi fi kaw Babilon,
wooleen buuri Medd ak kàngam ya
ak jawriñ ñaak mboolem réew mu ñu moom.
29 Suuf a fuddu, wañaaru,
mébéti Aji Sax jeey sottalal Babilon,
ngir réew ma dib gent bu kenn nekkul.
30 Jàmbaari Babilon xareetuñu,
ña nga des ca seeni tata,
doole ŋiis, ñu mel niy jigéen.
Bunti dëkk bi dàjjiku, kër ya jàpp.
31 Xélukat dab xélukat;
ndaw jottali ndaw xibaar
bu ñu yeggeji buuru Babilon, ne ko
nangu nañu dëkkam ba wetoo wet,
32 nangu jàllukaayi dex ya,
taal barax ya,
xarekat ya raj-rajloo.
33 Aji Sax ji Yàllay Israayil, Boroom gàngoori xare yi déy dafa wax ne:
Ñu ngi dëggaate Babilon mu taaru mi,
ni ñuy dëggaatee dàgga ju ñuy bàccesi.
Balaa yàgg ngóobu Babilon taxaw.»

### *Yerusalem ay wax*

34 Buuru Babilon warax na ma.
Da maa muucu,
ñiit ma, ba ma set ni ndab.
Da maa modd ni ninki-nanka,
sole kollam li gën ci man,
yàbbi la ca des.
35 Waa Siyoŋ ne: «Yal na sama yàpp ak sama coono topp Babilon.»
Yerusalem ne: «Yal na sama deret topp waa Babilon!»
36 Aji Sax ji nag dafa wax ne:
«Maa ngii di leen layool seen layoo,
ba feyul leen.
Maay ŋeeral géejam,
ŋiisal am walam,
37 Babilon def jali doj,
di paxum till,
di gent bu ñuy muslu,
kenn du ko dëkke.
38 Ñu ngi ŋarandoo niy gaynde,
di xiiroo ni gaynde yu ndaw.
39 Ñu tàng bay bëgga dee,
ma may leen ñu naan a naan,
màndal leen, ñu mana xawaare,
tëdd nelaw nelaw yuy wéy abadan,
duñu yewwooti.»
Kàddug Aji Sax jee.
40 Aji Sax ji nee: «Maa leen di wommat
niy xar ba ca rendikaay ba,
ñu mel niy kuuy aki sikket.

### *Ngalla Babilon*

41 «Ãa! Ana nees mana nangoo Sesag†?
Nees mana tege loxo ki àddina sépp di kañ?
Ana nu Babilon mana gente fi digg xeet yi?
42 Géej ay mëdd Babilon,
mu sàngoo gannaxam yu jallaañoo,
43 ay dëkkam gental,
réew mi ne sereŋ, di ndànd-foyfoy,
kenn du ko dëkke,
doom aadama du fa jaare.
44 Maay dikke mbugal Bel,
tuur mi ci Babilon,
yàbbiloo kob lancam.
Xeet yi noppee defum wal, wuti ko,
tatay Babilon it màbb.
45 Yeen sama ñoñ, génnleen fi seen biir,
na ku ne rawale sa bakkan,
ba mucc tàngooru sànjum Aji Sax ji.
46 Bu seen fit rëcc,
ngeen di tiit xibaar yi ñuy yéene ci réew mi:
ren yéene jib,
déwén yéene jibati,
fitna law ci réew mi,
njiit ne njiit dann.
47 Kon ay bés a ngii di ñëw,
yu may dikke mbugal tuuri Babilon,
réew mépp torox,
ña ñu bóom ñépp wetaroo fa biir.
48 Su boobaa asamaan ak suuf
ak mboolem li ci biiram
sarxolleendoo, di bége li dal Babilon.
Bëj-gànnaar kay la yàqkat yay bawoo.»

† **51.41** ***Sesag*** turu kumpa la, di Babilon ba tey.

Kàddug Aji Sax jee.

*Yeremeey wax*

49 Waa Babilon it dinañu daanu
ngir waa Israayil ñi ñu bóom,
ba ñu yem ak mboolem waa àddina yi ñu bóom,
te ñu daanu ndax Babilon.
50 Ée yeen ñi rëcc saamar,
buleen taxaw, demleen,
di fàttalikoo Aji Sax ji fu sore,
tey bàyyi xel Yerusalem.

*Bànni Israayil ay wax*

51 Nooka rus ci saaga yi nu dégg,
ak gàcce gi nu sëlmoo
ndax doxandéem yi dugg
ci biir béreb yu sell yi ci kër Aji Sax ji.

*Yàllaay wax*

52 «Moo tax, bés a ngii di ñëw,»
kàddug Aji Sax jee,
«maay dikke mbugal seen jëmmi tuur yi, ñoom,
ñi ñu jam di binnee fi réew mi mépp.
53 Su Babilon yéegoon asamaan,
dàbbali fa tata ju ne kekk sax,
du tee ay yàqkat bawoo fi man, dal ci kawam.»
Kàddug Aji Sax jee.

*Yeremeey wax*

54 Yuuxi njàqare fa Babilon,
réewum Kaldeen ñooñaa toj ba tojatoo.
55 Aji Sax jee niy yàqatee Babilon,
tukkal fa riir mu réy.
Gàngoori noon yaa ngay buur ni gannaxi géej,
seen riirum kàddu jolli.
56 Yàqkat déy dikkal na Babilon,
jàpp ay jàmbaaram,
dammatey fittam.
Aji Sax ji déy mooy Yàlla jiy yoole,
di fey pey gu mat sëkk.
57 Mu ne: «Maay màndal seeni kilifaak seeni kaaŋ
ak seeni kàngam ak seeni jawriñ ak seeni jàmbaar,
ñu tëdd nelaw nelaw yuy wéy abadan,
duñu yewwooti.»
Kàddug Buur a, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.
58 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Tatay Babilon yu mag yi
dees koy màbb a màbb;
bunt yu kawe ya lakk ba jeex.
Xeet yee ñaq ci neen,
waaso yee sawara sonnal leen.»

*Yeremi santaane na misaal*

59 Ndigal yii ñooy ndigal yi Yonent Yàlla
Yeremi jox Seraya doomu Nerya doomu
Maxseya, ba mu àndee ak Buur Cedesyas
ca Babilon ca ñeenteelu atu nguuram.
Seraya moo doon bëkk-néegam.
60 Fekk na Yeremi bind cib téere bu ñu
taxañ mboolem safaan yiy dikkal Babilon,
di mboolem mbir yooyu jëm ci Babilon.
61 Yeremi sant Seraya, ne ko: «Boo àggee
Babilon, fexeel ba biral kàddu yii yépp.
62 Te nga wax ne: “Aji Sax ji, yaw déy,
yaa xamle ne dëkk bii dina tas, dara du ci
dëkkati, du doom aadama, du rab. Ab gent
lay doon ba fàww.”
63 Boo jàngee téere bu ñu taxañ bii ba
noppi, nanga ci takk aw xeer, sànni ko ci
biir dexu Efraat.
64 Su ko defee nga ne: “Nii la Babilon di
diige te du jógati ndax safaan bi may wàcce
fi seen kaw, ba ñu sonn.”» Fii la kàdduy
Yeremi yem.

# Kàdduy ndollent a ngii

## 52

*(Saar 52.1-34)*

1 Ñaar fukki at ak benn la Cedesyas
amoon ba muy falu buur, te fukki at ak
benn la nguuru fa Yerusalem. Yaayam
mooy Amutal doomu Yeremi* ma
cosaanoo Libna.
2 Muy def li Aji Sax ji ñaawlu, mboolem
noonee ko Yoyakim defe woon.
3 Merum Aji Sax ji nag dikkal Yerusalem
ak Yuda, ba mu mujj xalab leen.

Gannaaw gi, Cedesyas fippu buuru
Babilon.
4 Ba Cedesyas tolloo ci juróom ñeenteelu
atu nguuram, fukki fan ca fukkeelu
weeram, ca la Nebukatnecar buuru
Babilon ànd ak gàngooru xareem gépp ci
kaw Yerusalem. Ñu dal fa janook
Yerusalem, yékkati gawukaay, wërale ko.

* **52.1** ***Yeremi*** mii bokkul ak Yonent Yàlla Yeremi.

5 Dëkk ba gawe, ba keroog Cedesyas
tollu ci fukkeelu atu nguuram ak benn.
6 Keroog juróom ñeenti fan ca ñeenteelu
weer wa, xiif ba tar lool ca biir dëkk ba, ba
waa réew ma amatuñu ab dund.
7 Xarekati Yuda ya génn guddi daw.
Fekk na waa Babilon gaw dëkk ba. Teewul
ñu rëcc, jaare ca bunt ba ca diggante ñaari
tata ya, ca wetu tóokëru buur. Ñu daldi
wuti yoonu xuru dexu Yurdan.
8 Waa Babilon nag topp Buur Cedesyas,
ba dab ko ca jooru Yeriko. Fekk mbooloom
xareem mépp tasaaroo, wacc ko.
9 Ñu jàpp ko, yóbbu ca buuru Babilon ca
dëkk ba ñuy wax Ribla ca réewum Amat.
Nebukatnecar dogal fa àtteem.
10 Buuru Babilon daa rendi doomi
Cedesyas yu góor, muy gis, mu rendiwaale
mboolem kàngami Yuda, ca Ribla.
11 Gannaaw loolu mu tuur bëti
Cedesyas, ba noppi jénge ko jéngi xànjar,
yóbbu ko Babilon, tëj ko fa, ba keroog bés
ba mu deewee.
12 Ba Nebukatnecar buuru Babilon
tolloo ci fukkeelu atu nguuram ak juróom
ñeent, ba am fukki fan ca juróomeelu
weeru at ma, ca la bëkk-néegu buuru
Babilon, Nebusaradan njiitu dag ya, dugg
Yerusalem.
13 Mu taal kër Aji Sax ji, taal kër buur, ak
këri Yerusalem gépp, boole ca këri boroom
barke ya.
14 Gàngooru Babilon gépp daldi ànd ak
njiital dagi buur, ñu màbb tata ya wër
Yerusalem.
15 Gannaaw gi, ñenn ci baadoolo yi ak ña
nekkoon ca dëkk ba, ba booba, ak ña
jébbaloon seen bopp buuru Babilon, ak ña
desoon ca liggéeykat ya, Nebusaradan
njiital dagi buur boole leen yóbbu ngàllo.
16 Ñenn ca baadooloy réew ma nag,
Nebusaradan njiital dag ya bàyyi leen fa,
ñuy liggéey tóokëri reseñ yaak tool ya.
17 Ci biir loolu kenuy xànjar ya bokkoon
ca kër Aji Sax ji, ak rootukaay yaak
mbalkam xànjar ma woon ca kër Aji Sax ji,
waa Babilon toj lépp, boole xànjar jépp
yóbbu Babilon.
18 Ñu yóbbaale mboolem ndabi xànjar yi
ñuy liggéeye ci kër Aji Sax ji: ndabi
tibbukaayu dóom, ak ñiitukaay yi ak ñiimi
feyukaayi làmp yi, ak ndab yiy def deretu
sarax yi, ak and yu ndaw yi, ak mboolem
jumtukaayi xànjar yi ñuy sarxalee.
19 Njiital dag ya yóbbaale ndab yu ndaw
yaak and yaak ndab yiy def deretu sarax,
ak ndab yiy def dóom, ak tegukaayi làmp
yaak and yu ndaw yaak këlli tuurukaay
ya. Lu ciy wurus, mu ber, lu ciy xaalis, mu
ber.
20 Ñaari kenu yooyu ak mbalka maak
fukki nag ak ñaar ya ko yenu, ak
rootukaay ya, lépp di xànjar bu Buur
Suleymaan defaraloon kër Aji Sax ji,
maneesula takk diisaay ba.
21 Kenu yi, gu ci nekk am na taxawaayu
fukki xasab[†] ak juróom ñett te fukki xasab
ak ñaar a koy ub. Mu def pax ca biir te
dëllaayu weñ ga di ñeenti baaraam.
22 Kenu gu ci nekk ponkub xànjar a ca
tege, taxawaayu ponk bi di juróomi xasab,
ab caaxub xànjar wodd ko, ànd ak doomi
gërënaati xànjar. Ñaari kenu yépp noonu,
ànd aki gërënaat.
23 Gërënaat yi juróom ñeent fukk laak
juróom benn, wet gu nekk, boo ci boolee
ya ca cat ya, muy téeméer yu ub caax ba.
24 Ci kaw loolu njiital dag ya jàpp Seraya
sarxalkat bu mag ba, ak Sofoni sarxalkat
ba ca topp, ak ñetti dagi bunt kër Aji Sax ja.
25 Biir dëkk ba nag, mu jële fa benn njiitu
xare, ak juróom ñaari niti dëkk ba ñu sës ci
Buur, ak bindkatub njiital xare ba sasoo
bind xarekat yi, ak juróom benn fukki
Yudeen ñu mu fekk ca biir dëkk ba.
26 Ba mu ko defee Nebusaradan, njiital
dagi buur, boole leen yóbbu ca buuru
Babilon ca Ribla.
27 Buuru Babilon nag réy leen foofa ca
Ribla, ca réewum Amat. Noonu la waa
Yuda génne seen réew, dem ngàllo.
28 Lii mooy limu nit ñi Nebukatnecar
toxal: ñetti junniy Yudeen ak ñaar fukk ak
ñett (3 023), loolu yemook juróom ñaareelu
atu nguuram,
29 ak juróom ñetti téeméer ak fanweer ak
ñaar (832), loolu yemook fukkeelu atu
nguuram ak juróom ñett,

[†] **52.21** ***xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom.

30 ak juróom ñaari téeméer ak ñeent fukk
ak juróom (745) yu Nebusaradan njiital
dag ya, toxal. Loolu yemook ñaar fukkeelu
at maak ñett ci nguurug Nebukatnecar. Ñi
ñu toxal ñépp di ñeenti junni ak juróom
benni téeméer (4 600).
31 Yóbbu nañu Yoyakin buurub Yuda
ngàllo ba mu am fanweeri at ak juróom
ñaar, Ewil Merodag doora falu buur ca
Babilon. At mooma, fukkeelu weer waak
ñaar, ñaar fukki fan ak juróom ca weer wa,
ca la Ewil Merodag siggil Yoyakin buurub
Yuda, daldi koy tijji.
32 Ci biir loolu mu wax ak moom lu
rafet, jox ko cér bu sut cér ba mu jox
yeneen buur ya mu bokkaloon nekk surga
ca Babilon.
33 Yoyakin nag teqalikook yérey kaso ya,
ba noppi ñu may ko muy bokk ak Buur
ndab giiru dundam.
34 Ci biir loolu ñu dogal ko njëlam lu sax
dàkk, di bàyyikoo ci buuru Babilon bés bu
jot, giiru dundam, ba keroog muy dee.

# Kàdduy jooytu

Juróomi woyi téere bii cosaan moomale Yeremi, ci lenn doŋŋ lay wax: tasteg Yerusalem gi ame ci congum gàngoorug Babilon, ci atum 586 lu jiitu Almasi bi.

Ci téere bii la nit ña mucce ca musibam Yuda ma di fàttalikoo xew-xew yu tiis ya ñu fa jànkoonteeloon, tey jéema xam lu waral loolu. Aji Sax ji wuutewul moos ak noonub ñoñam bi gëna aay, ci ni mu def ak ñoom. Moonte waa Yuda yooyu Babilon duma, nangu nañu ne ñoo def li waral mbugal mi. Waaye bàyyi nañu itam xel ne mbaaxug Aji Sax ji jeexul, te moo bare kóllëre (3.22-23).

Ci tënk:

Saar 1 Yerusalem am naw tiis, gental na.
Saar 2 Sànjum Yàlla wàcc na ci Yerusalem ndax seen bàkkaar.
Saar 3 Yerusalem yaakaarul lu moy yërmandey Yàlla.
Saar 4 Darajay Yerusalem wonni, toroxteem teew.
Saar 5 Yerusalem ñaan na Aji Sax ji xettal.

*Yonent Yàlla Yeremi àddu na*

1 Ndeysaan! Dëkk beeka wéet tey!
Te ñoñam noon gàññ démb.
Ndeysaan! Mu ngi mel nib jëtun tey,
te noon ràññ fi biir xeet yi!
Moo doon lingeeru diiwaan yi,
tey, mu sasoo liggéeyu sañul-bañ.

2 Day fanaanee jooy a jooy,
rongooñ yay bas-basi,
te du kenn ku koy dëfal
ci mboolemi soppeem.
Xaritoo xarit wor ko,
walbatiku diy noonam.

3 Ngàllo lañu yóbbu Yuda,
ci biir naqar ak njaam gu metti.
Ci biiri jàmbur lañu dëkk,
amuñu fu ñu noppaloo,
mboolem ña leen dàq a leen dab,
ba tance leen ca ruq ya.

4 Yoon yi jëm Siyoŋ* jooy na wéet,
kenn jaareetu ca màggalsi.
Pénc yépp a gental,
sarxalkat yay binni,
janq ja jàq,
Siyoŋ gépp di naqarlu!

5 Seen noon yaa jiite tey,
seen bañ yooyoo ne finaax,
Aji Sax jee mbugale waa Siyoŋ
seeni tooñ yu bare,
seeni doom duggig njaam,
di moomeelub noon.

6 Lu doon sagub Siyoŋ, dëkk bu taaru bi,
tey, sàggiku na.
Seeni garmee ngi mel ni kéwél
yu amul parlu,
di koyoŋ-koyoŋiy daw,
te rëbb ne leen dann.

7 Tey ci janti toroxte ak tumurànke,
la Yerusalem di fàttalikoo
mboolem ngëneeli démbam.
Aw askanam a tàbbi ci loxol noon,
te wall amul,
noon ba gis leen,
di tex-texi ci seenug yàqule.

8 Yerusalem a moy a moy,
ba tax koo mujj di sobe;
ku ko teraloon, sofental ko,
ndax gis ko, mu ne duŋŋ.
Moom ci boppam mu ngi binni,
fuuylu.

9 Sobey Siyoŋ ca pendalam,
te bàyyiwul xel ag mujam.
Jéllam ba yéeme na,
te amul ku ko dëfal.
Siyoŋ nee: «Éy Aji Sax ji, xoolal sama njàqare;
noon bi déy, am na ndam!»

10 Loxo la noon bi teg ci
ngëneeli Siyoŋ gépp.
Siyoŋ kay a gis yéefar yi songsi
këram gu sell gi,
te ci ñoom nga santaane woon, ne
buñu dugg sam ndaje†.

11 Waa Siyoŋ gépp a ngi binni,

* **1.4** ***Siyoŋ*** mooy Yerusalem itam. † **1.10** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 23.4.

di wut ab dund‡,
seeni ngëneel lañuy weccikoo aw ñam
wu ñu leqalikoo.
*Yerusalem àddu na*
Gisal Aji Sax ji, seetal
ni ma mujj tekkeedee!

12 Yeen mboolem ñiy jaare yoon wi,
lii safu leen,
waaye seetleen rekk ba gis
ndax wenn mitit dab na
mitit wi ñu ma teg,
te Aji Sax ji naqarale ma ko
ci jantub tàkktel sànjam.

13 Fa kaw la Aji Sax ji sànnee sawara
ci sama biiri yax,
moo laaw ab caax ngir fakkastal ma,
wañÑi ma, jànnaxe ma,
ma dëkke yoggooral.

14 Samay tooñ la Aji Sax ji ëmb,
fastee ko loxoom,
mu tege sama kaw ndodd,
ba jeexal sama doole.
Boroom bee ma tàbbal
ci loxo yu ma manula të.

15 Ku doon jàmbaar fi sama biir,
la Boroom bi xalab.
Am ndaje la ma wooteel,
ngir falaxe sama ndaw yu góor.
Boroom bee dëggaate Yuda, janq ju taaru
ji,
ni reseñ ci biir nalukaay.

16 Looloo ma tax di jooy,
rongooñ di wal-wali,
te ku may dëfal sore ma,
mook kuy seral sama xol.
Samay doom a ngi jaaxle,
nde noon bi daan na.
*Yeremi àddu na*
17 Siyoŋ tàllal na loxoom,
waaye amul ku ko dëfal.
Aji Sax jee wool askanu Yanqóoba
seeni noon yi leen wër,
ba Yerusalem mujj di sobe fi seen biir.
*Yerusalem àddu na*
18 Aji Sax ji moo yey,
kàddoom laa gàntal.
Yeen, xeetoo xeet, ngalla dégluleen
te xool samaw tiis.
Samay ndaw yu góor ak yu jigéen,
ñoo duggi ngàllo!

19 Samay soppe laa woo wall,
ñoom ñu wor ma.
Samay sarxalkat ak samay mag di wuti ab
dund
bu ñu leqalikoo,
far faatu ci biir dëkk bi.

20 Éy Aji Sax ji, xoolal sama njàqare,
samay butit di fuddu,
sama biir xol salfaañoo ndaxu tiis.
Man de maa gàntal ba gàntaaral,
ba fa biti, saamar di fa bóome,
te biir kër it di dee.

21 Dégg nañu may binni,
te awma ku ma dëfal.
Noon yépp a dégg samaw ay
te di ko bége, nde yaa ko def.
Ngalla indil bés bi nga dige,
ba ñu daj li ma daj.

22 Yal na seen gépp mbon teew fi sa kanam,
ba nga mbugal leen
ni nga ma mbugale
ndax mboolem samay tooñ.
Samay onk bare na,
sama xol jeex tàkk.

# 2

*Yeremi àddu na*
1 Ndeysaan Boroom bee mer ba xiinal
Siyoŋ,
dëkk bu taaru bi.
Fa asamaan la rattaxe sagu Israayil fa
suuf.
Keroog bésu meram ma, bàyyiwul xel,
ne këram googoo di ndëggastalam.

2 Boroom bee modd te yërëmul
mboolem sanci Yanqóoba.
Ca meram ma la màbbe
tatay Yuda réew mu taaru ma.
Moo detteel nguur ga aki garmeem,
sobeel leen.

3 Tàngooru sànjam la daane
gépp kàttanu Israayil.

‡ **1.11** ***wut ab dund:*** li leen xañ ab dund mooy gaw bu yàgg bu ñu leen gaw, ba ñu mujj xiif lool. Seetal ci *2.Buur ya* 25.1-3.

Fa kanam noon ba la roccee
dooley ndijooram.
Moo tàkkal Yanqóoba
ni sawara wuy sël-sëli,
ba xoyom mboolem la ko wër.

4 Boroom bee tàwwi ag fittam
mel ni ab noon,
moo diire ndijooram, mel ni bañ,
moo bóom mboolem lu neexa xool.
Ci biir xaymab Siyoŋ dëkk bu taaru ba
la yuri am sànjam ni sawara.

5 Boroom bee mel nib noon,
modd Israayil,
moddaale këram yu taaru yépp,
tas ay tataam,
ba fulal Yuda mu taaru ma,
ay yuux aki jooy.

6 Moo tas mbaaram ni bu doon mbaarum tool,
moo rajaxe bérebu ndajeem.
Aji Sax ji moo fàtteloo waa Siyoŋ
màggal ak bésub Noflaay,
te tàngooru meram la xalabe buur ak sarxalkat.

7 Aji Sax jee jañax sarxalukaayam,
gedd.
Moo teg ci loxol noon tatay këram yi.
Biir kër Aji Sax ji la baat xaacoo,
ni bu doon bésu màggal.

8 Aji Sax jee dogoo rajaxe
tatam Siyoŋ mu taaru ma.
Moo tàllal buumu nattukaay, ngir tas ko,
bankul loxoom it te màbbu ko.
Moo jooyloo tata ak tabaxub fegukaay,
ñu ànd tojatoo.

9 Bunti dëkk ba suulu na,
te moo yàqate, dammate weñi tëjukaay ya.
Buuram aki garmeem a tumurànkeji
ca yéefar ya,
te téereb yoon amul,
yonent it gisatul peeñu
mu bawoo fa Aji Sax ji.

10 Magi Siyoŋ dëkk bu taaru ba ña nga toog, xeremlu,
xëppoo suuf, sol ay saaku, di ñaawlu.
Janqi Yerusalem sëgg, seen bopp jëm suuf.

11 Samay gët a giim ndaxi rongooñ,
samay butit fuddu,
xol ŋiis, jeex tàkk:
ci tasteg samaw askan;
xale yeek gone yiy nàmp
ne lasar fi mbedd yi!

12 Seen yaay lañu naan:
«Ana fu nuy lekke, ba naan?»
te ne lasiim ci mbeddi dëkk bi,
ni ñu gaañoo xare,
bakkan di tàggoo fa ñu uufoo
ca weenu yaay.

13 Yaw Yerusalem, dëkk bu taaru bi,
lu ma lay wax? Ku ma lay méngaleel?
Siyoŋ, janq ju taaru ji laa ne,
ana ku ma lay dendaleel, ba seral sa xol?
Yaw mi sab góom yaa ni géej,
ana ku lay faj?

14 Ag neen aki caaxaan
la la say yonent gisal,
te biraluñu sag ñaawtéef,
ngir tijji sa wërsëg,
xanaa di la yéeneel waxyuy caaxaan aki nax.

15 Mboolem ñi fi jaareey tacc-taccali loxo,
ciipu, wëcc bopp ci gentub Yerusalem mu taaru ma,
te naan: «Xanaa du biib dëkk lañu doon tudd
“Taar bu sotti,”
te muy mbégtem àddina sépp?»

16 Sa noon yépp a lay ñaawal,
di la kókkaleeka kekku,
te naan: «Sànk nanu leen nag!
Bii bés lanu yàggoona séentu,
te noo ko fekke tey.»

17 Aji Sax jee def la mu nammoon,
moo sottal kàddoom
ga mu santaane woon janti démb.
Moo faat te yërëmul,
ba may noon bége leen,
te moo kaweel sa kàttanu bañ yi.

18 Askan waa ngi jooy jooyi xol
fi kanam Boroom bi.
Éy yaw tatay Siyoŋ, dëkk bu taaru bi,

sottil say rongooñ ni walum dex guddeek bëccëg;
bul noppalu, bul feral say rongooñ.

19 Jógal guddi, xaacu:
ndoortel wattub guddi, ngay yuri sab xol
nim ndox, jàkkaarlook Boroom bi.
Tàllal koy loxo, ngir sa bakkani doom
yi xiif tax ne lasiim fi boppu mbeddoo mbedd.

*Waa Yerusalem àddu na*

20 Éy Aji Sax ji, xoolal, seetal rekk
ki nga def nii!
Xanaa du ndey mooy dem ba yàpp doomu boppam,
doom ju mu sukk jur, di ko toppatoo?
Xanaa du sarxalkat akub yonent lañuy bóom
fi kër gu sell gi ñeel Aji Sax ji?

21 Mag ak ndaw a ngi ne lareet fi suuf ci mbedd yi;
sama janq jeek sama xale yu góor yi tëdd,
saamar faat leen.
Yaa rey ci sa bésub mer,
yaa rendi te yërëmoo.

22 Yaa woote ni su doon bésu màggal,
tiitaange dar kepp ma.
Bésub merum Aji Sax ji, kenn rëccul,
kenn muccul.
Doom yi ma jur, yar leen,
noon bi rey leen!

# 3

*Nit a ngi tawat*

1 Man maay nit ki gisu naqar,
naqar wu ko yarub sànjum Aji Sax ji teg.
2 Man la jañax, te lëndëm la ma doxloo,
dug leer.
3 Man doŋŋ lay yen aka yenaat loxoom,
bésoo bés.

4 Moo ràppal sama der ak samaw suux,
tas samay yax.
5 Moo tabax fi sama kaw, tanc ma,
gawe ma tooke ak coono.
6 Béreb yu lëndëm la ma dëël,
ni ña dee bu yàgg.

7 Moo ma ñag ba manumaa bëtt,
te jéng yu diis la ma jénge.
8 Su ma yuuxoo, woote wall it,
mu tanqamlu samag ñaan.
9 Ay doji yatt la ñage samay yoon,
te moo lajjal samay ñall.

10 Moo di rab wu aay wu may tëru,
di gaynde gu waafe làquwaayam.
11 Samaw yoon la ma wàcce, xotat ma,
tumurànkeel ma.
12 Moo ma bankal xalaam,
diire mag fittam.

13 Sama xóotey xol la soqil ay fittam.
14 Maa mujj di reetaanukaayu bokk yépp,
di seen woyu bés bu nekk.
15 Moo ma reggal wextan,
màndal ma lu mel ni xay.

16 Yéyloo na may doj,
dëggaate ma ci pënd bi.
17 Jàmmi xol a ma réer,
ma fàtte sax luy mbégte.
18 Ca laa ne sama muñukaay a jeex
ak it sama yaakaar ci Aji Sax ji!

19 Bàyyil xel sama naqar ak sama tumurànke,
mbete wextan akug tooke!
20 Dama ciy xalaat aka xalaataat,
sama xol jeex tàkk!
21 Waaye li may dëkke bàyyi xel,
ba dese yaakaar mooy lii:
22 Aji Sax ji, ngoram du dakk,
te yërmandeem du jeex.
23 Xanaa di yeeslu jant bu nekk.
Kee bare kóllëre!
24 «Samab séddoo, Aji Sax jee,»
la sama xol wax,
te moo tax ma di ko xaar.

25 Aji Sax jee baax ci ñi ko yaakaar,
baax ci ki ko wóolu.
26 Li baax mooy muñ,
xeremluy xaar wallub Aji Sax ji.
27 Li baax ci nit mooy
nga nangoo muñ ba ngay ndaw.

28 Bu la Aji Sax ji tegee nattu,
berul te muñ.
29 Dëppal sa jë ci suuf,
jombul yaakaar am.
30 Dékkalub lex ku lay mbej,

di la tifaare ay saaga, ba nga tooy.

31 Boroom bi déy
du la wacc ba fàww.
32 Bu la tegee naqar it, yërëm la,
ngoram a ni baree.
33 Du bànneexam lay tege coono,
aka naqaral doom aadama.

34 Bu ñuy dëggaate
mboolem ñi ñu tëj cim réew,
35 di jalgati yelleefu nit
fi kanam Aji Kawe ji,
36 di been dëgg cib layoom,
xanaa Boroom bi da ko dul gis?

37 Ana ku wax, mu am,
te Boroom bi dogalu ko?
38 Muy lu baax, di lu aay,
xanaa du Aji Kawe jeey àddu, amal?
39 Kuy dund, ana loo deeti jàmbat,
bu ñu la añalee sa bàkkaar?

40 Nan càmbar, ba xoolaat jikko yi
te dellu ci Aji Sax ji.
41 Nan tàllal sunu xol ak sunuy loxo
Yàlla ja fa asamaan,
42 noo tooñ, noo fippu,
ba tax yaw jéggalewoo.

43 Sam sànj nga làmboo, topp nu,
di rey te ñéebluwoo,
44 aw niir nga sàngoo,
ba ag ñaan du ko jàll.
45 Mbuubitum sën nga nu def
fi biir xeet yi.

46 Sunu noon yépp a nuy waxal,
47 tiitaange ak pax dikkal na nu,
ak yàquteek sànkute.
48 Saay gët a ngi wal
ndax sama askan wi rajaxoo.

49 Saay gët a ngi rogalaat,
du fer, du ŋiis,
50 ba keroog Aji Sax ji séentoo asamaan, ba gis.
51 Bi ma gisee li dal jigéeni dëkk bi yépp,
la sama xol jeex.

52 Ñi ma bañ ci dara
ñoo ma këpptal a këpptal ni picc.
53 Cib teen lañu ma tàbbal,
ube kow doj, te may dund,
54 ndox ma mëdd ma,
ma ne: «Sànku naa.»

55 Aji Sax ji, fa xóotey pax ma
laa la woowe.
56 Sama baat nga dégg, ma ne la:
«Bul fattal sab nopp
samay onk ak samay yuux.»
57 Bés ba ma la woowee nga dikk,
ne ma: «Bul tiit.»

58 Boroom bi, yaa sàmm sama àq,
yaa jot sama bakkan.
59 Aji Sax ji, yaa gis ni ñu ma tooñe,
jox ma sama àtte.
60 Yaa gis seen mboolem mébétu feyu,
seen mboolem pexe yi ñu may lalal.

61 Aji Sax ji, yaa dégg seeni kókkalee,
ak mboolem pexe yi ñu may lalal.
62 Ci man la noon yiy diisoo aka déeyoo,
bés bu nekk.
63 Xoolal, bu ñu toogee ak bu ñu jógee,
man lañuy léeboo.

64 Aji Sax ji, jox leen seenub añ,
seen kemu liggéeyu loxo.
65 Dërkiisalal seen xol,
na leen sag alkànde ñeel.
66 Toppe leen sa mer, te nga sànke leen
mboolem fu asamaanu Aji Sax ji tiim.

# 4

*Ku mucc xare wax na*

1 Ndeysaan, wurus wa giim na!
Ngëneelu wurus soppiku na.
Doj yu sell yaa wasaaroo,
ca boppu mbedd yépp.
2 Doomi Siyoŋ yu góor yu jar ya!
Wurus lees leen daan nàttablee,
ndeysaan tey, ñu jàppe leen ni njaqu ban
lu tabaxkatu njaq liggéeye loxoom.

3 Ag till sax joxe na weenam,
nàmpal doomam,
te sama bokk yi mujj néeg
ba mel ni bànjóolig màndiŋ.

4 Luy nàmp a nga mar a mar,
ba làmmiñ taqoo denqleñ.

Gone yaa ngi ñaan mburu,
te kenn daggalu leen.

5 Ñi daan xéewloo ay bernde,
tey ñoo xiif, ne lasar ca mbedd ya.
Ña yaroo woon yérey tànnéef,
tey ñoo goore jalu mbuubit.

6 Sama ñaawtéefu askan wee màgg,
ba raw ñaawtéefu waa Sodom,
dëkk ba jekki jàllarbiku,
te loxo laalu ko.

7 Sunu kàngam ya setoon wecc,
seen yaram mucc gàkk,
di lerxat bay tàkk,
wér péŋŋ, leer nàññ.

8 Tey ñu gëna lëndëm bànqanoos,
xàmmeesu leen ci mbedd yi,
ñu ngi lax, di yaxi neen,
der wow koŋŋ ni matt!

9 Ña saamar rey a gënu demin
ña deek xiif,
jeex tàkk, ne lasar,
ndax ñàkk meññatum tool.

10 Ndey ak xolu njureelam,
moo togge loxoom doomu boppam,
def ko njëlam,
ci sama biir toskareg askan wi!

11 Aji Sax jee xëpp am sànjam,
sotti tàngooru meram,
moo jafal sawara fi Siyoŋ,
ba xoyom kenu ya.

12 Du benn buur fi kaw suuf bu gëmoon,
du kenn ci mboolem waa àddina
kuy foog ne ab bañ mbaa noon dina dem
ba bëtt bunti Yerusalem.

13 Seen bàkkaari yonent yaa,
seen ñaawtéefi sarxalkat yaa;
ñoo tuur fa digg dëkk ba
deretu aji jub ñi.

14 Ña ngay tëñëx-tëñëxi
niy gumba ci mbedd yi,
deret ja sobeel leen
ba maneesula laal seeni yére.

15 Ñoom lañuy gëdd naan:
«Soreleen nu, nit ñu sobewu ñi!
Soreleen, soreleen, buleen nu laal.»
Ñu daw di tambaambalu ba ca yeneen xeet;
ñooña ne leen: «Dootul fii!»

16 Aji Sax ji ci boppam moo leen tasaare,
faaleetu leen;
cér lees séddul sarxalkat,
te teraleesul mag.

*Waa Yerusalem àddu nañu*

17 Ba tey sunu gët a ngi giim,
ndax ndimbal lu nuy séentu ci dara.
Fa sunuy tata lanu séentoo wenn xeet
wu nu manula wallu.

18 Sunuy tànk lees di topp,
ba manatunoo daagoo sunuy mbedd;
sunu bés jege,
sunu àpp di matal,
sunu saa taxaw!

19 Ñi ñuy dàq a gëna gaaw ay jaxaay,
ci kaw tund yi lañu nu ne dann,
màndiŋ mi, ñu di nu fa tëroo.

20 Ki nuy noyyee, Buur bi Aji Sax ji fal,
ca seeni yeer la tance,
te nu noon ci keppaaram
lanuy dëkke fi digg xeet yi.

*Yeremi àddu na*

21 Bégleen te bànneexooy,
Edom réew mu taaru mi, yeen Edomeen*
ñi dëkk réewum Ucc,
ci yeen it la kaasu mbugal di jàllsi,
ngeen màndi, futteeku, ne duŋŋ.

22 Yaw Siyoŋ, dëkk bu taaru ba, sa mbugal mat na,
deesatu la yóbbu ngàllo;
yaw Edom laa ne,
Aji Sax jee lay fey sa ñaawtéef,
feeñal say bàkkaar.

# 5

*Waa Yerusalem a ngi ñaan*

* **4.21** ***Edomeen*** ñaa nga bàyyikoo fa bëj-saalumu Yuda jàpp penku. Ñu ngi soqikoo ci Esawu, magu Yanqóoba, kon bokki Israayil lañu woon, waaye dañoo faroon ak nooni Israayil.

1 Éy Aji Sax ji, bàyyil xel li nu dal,
xoolal, gisal sunu toroxte!
2 Sunu suuf toxu ciy jàmbur,
sunuy kër ñeel ay doxandéem.
3 Baay dëddu, nu diy jirim;
ndey dib jëtun.
4 Sunum ndox, xaalis lanu koy feye, naan,
sunu matt ak njëgam la mu nuy dikke.
5 Sunuw loos lañu ràng,
nu loof, te noppaleesu nu.
6 Nu nangul Misra,
nangul Asiri ngir ab dund.
7 Sunuy maam a moyoon, nekkatuñu tey;
nun, noo gàddu seeni mbugal.
8 Ay surgaa nu yilif, te amunu
ku nu wallu ci seeni loxo.
9 Bu nu lekkee, sunu bakkan lanu jaay,
nde saamar a ngi ci màndiŋ mi.
10 Sunu yaram nib taal la tànge
ndax tàngoorub xiif.
11 Jigéeni Siyoŋ lañuy tëdde,
ak janqi dëkki Yuda.
12 Kàngam yi, ñu jàpp, wékk;
te mag ñi, teraleesu leen.
13 Waxambaane yee yenu doji wolukaay,
gone yu góor yi sëfoo sayi matt, di tërëf.
14 Mag dakkal na jataayu pénc,
te waxambaane talatula xalam.
15 Xol nux-nuxeetul,
te ay rongooñ a wuutuy pooj.
16 Sunu mbaxana foq na!
Wóoy ngalla nun ñi moy!
17 Lee jeexal sunu xol,
lii moo nu jooyloo, ba gët giim:
18 tundu Siyoŋ wi gental,
ba till yi di fi daagoo.

19 Yaw Aji Sax ji, yaay toog ba fàww,
sab jal, sët ba sëtaat.
20 Ana lu waral nga fàtte nu fàww,
bàyyi nu diir bu yàgge nii?
21 Éy Aji Sax ji, delloosi nu fi yaw, nu dellusi,
yeesalal sunuy jant, mu mel na woon.
22 Xanaa doo nu wacc a wacc,
mere nu mer mu amul kemu?

# Téereb Yonent Yàlla
# Esekiyel

Esekiyel mi ñu dippee téere bii, ab sarxalkat la woon ca Yuda ca jamonoy Yonent Yàlla Yeremi. Yuda bokkoon na ci fukki giiri bànni Israayil ak ñaar. Esekiyel bokkoon na ci waa Yuda yi ñu toxaloon, yóbbu leen ngàllo ca Babilon, ci atum 597 lu jiitu Almasi bi. Gannaaw gi, foofa ca Babilon la ko Yàlla woowe, ngir def ko ab yonentam. Ci biir loolu la Esekiyel jottalee kàdduy waxyu, di ci xamle ne mbugalum Yerusalem matagul. Ña mu bokkaloon nekk ngàllo, bugguñu woona dégg waxi mbugal muy dikk. Teewul Yerusalem tas ci atum 586 lu jiitu Almasi bi. Ca la Esekiyel indile bokk yi kàddu yu leen yaakaarloo.

Ci tënk:

1.1—3.27 Yàlla woo na Esekiyel.
4.1—24.27 Kàdduy waxyu dal na ci kaw Yerusalem.
25.1—32.32 Kàdduy waxyu dal na ci kaw yeneen xeeti àddina.
33.1—48.35 Lu jëm ci digeb ñibbi ak jàmm ju délsi.

### *Esekiyel daje naak leeru Aji Sax ji*

1 Am na bés, mu yemook sama
fanweereelu at, juróomi fan ca ñeenteelu
weer wa, booba maa nga bokkoon ca ña
ñu toxal ca tàkkal dexu Kebar*. Asamaan
daa ubbiku, ma daldi gis ay peeñuy Yàlla.

### *Bindkat a ngi joxe tegtal ca moomu peeñu*

2 Juróomi fani weer wa moo yemook
juróomi at gannaaw ba ñu toxalee Buur
Yoyakin.
3 Kàddug Aji Sax ji dikkal Esekiyel
doomu Busi, sarxalkat ba fa réewum
Kaldeen† ña ca tàkkal dexu Kebar. Te foofa
la loxol Aji Sax ji dikke woon fa moom.

### *Nii la peeñu ma bindoo*

4 Naka laa xool rekk, ngelaw lu réy jekki
dikke bëj-gànnaar, ànd ak niir wu mag,
sawara di ca fettaxe, ag leer gu ne ràññ
wër ko; digg ba mel ni weñ guy tàkk.
5 Digg ba, jëmmi ñeenti mbindeef a ca
feeñ yu ame melokaanu nit.
6 Ku ci nekk am ñeenti kanam ak ñeenti
laaf.
7 Seeni tànk jub, téstën ya mel ni wewi
sëllu di melax ni xànjar bu ñu jonj.
8 Seeni laaf, loxoy nit a nga leen ron ci
seen ñeenti wet yépp, mbindeef mu nekk
am ay kanam ak ay laaf.
9 Seen ñeenti cati laaf a ngay laale, te ku
nekk man naa jubal màkk fépp fu genn
kanam jublu te du jar muy warangiku.
10 Seen melokaanu kanam nag nii la
bindoo: ku ci nekk am nga kanamu nit fa
féete kanam ak kanamu gaynde ci sa
ndijoor. Ku ci nekk itam am nga kanamu
yëkk fi sa càmmoñ ak kanamu jaxaay fa
féete gannaaw.
11 Seeni kanam a ngoogu. Ku ci nekk sa
ñaari laaf a jëm kaw, di laal sa laafi
moroom. Sa ñaari laaf yi ci des sàng sa
yaram.
12 Ku nekk man naa jubal màkk fépp fu
genn kanam jublu. Fépp fu leerug Yàlla
jublu, ñu jublu fa te warangikuwuñu.
13 Jëmmi mbindeef yaa nga am melow
xali sawara yu yànj, mel niy jum, sawara
way dem ak dikk ci seen biir. Sawara waa
nga ne ràññ, ay melax di ca fettaxe.
14 Bindeef yaa ngay naaw, di dem aka
dikk, mel ni melax.
15 Naka laa xool, daldi gis ay mbege fi
suuf, mbege mu ci nekk feggook menn
mbindeef, mook ñeenti kanamam.
16 Mbege yaa ngay nirook peru kirsolit,
ci melokaan ak ci bind. Ñoom ñépp a
niroo. Seen melokaan ak seen bind daa
mel ni, mbege mu ci nekk, mbegee nekk
ca biiram,
17 mbege yay dawe ñeenti wet te
warangikuwuñu.
18 Taxawaayu mbege ya daa réy ba
raglu te mu ci nekk ay gët la sàngoo ba daj.
19 Bu mbindeef ya dawee, mbege ya
feggook ñoom daw; bu ñu naawee, mbege
ya naaw.

---

* **1.1** ***dexu Kebar*** a nga woon ca Babilon ga buuram Nebukatnecar dencoon bànni Israayil, gannaaw ba mu leen jàppee ba yóbbu leen fa ngàllo. Yonent Yàlla Esekiyel ab sarxalkat la fa woon ca biir bokki bànni Israayilam. † **1.3** ***Kaldeen*** ñaak Babiloneen ña benn xeet lañu woon.

20 Fu leer gi jëm rekk, fa lañu jëm, mbege
ya jógandook ñoom, ànd ak leer gi. Leerug
boroom bakkan yi daal moo nekk ci
mbege yi.
21 Bu ñu dawee, ñu daw; bu ñu taxawee,
ñu taxaw. Bu ñu jógee ci suuf, yékkatiku, ñu
ànd ak ñoom yékkatiku. Leerug boroom
bakkan yi daal moo nekk ci mbege yi.
22 Lu mel nib dénd a tiim boppi
mbindeef ya, raglu, leer nàññ ni doju
kiristaal‡.
23 Mbindeef mu ci nekk sa yenn ñaari
laaf a ngi ci suufu dénd bi, tàlli, dékkarloo;
ñaari laaf yi ci des sàng sa yaram.
24 Bu ñuy naaw, may dégg seen coowal
laaf yi, mu mel ni géej mbàmbulaan, melati
ni kàddug Aji Man ji, di saf riirum xare. Bu
ñu taxawee, daldi wàcce seeni laaf.
25 Saa yu ñu taxawee ba wàcce seeni laaf
nag, ag kàddu di jollee ca kaw dénd ba ca
seen kaw bopp ya.
26 Ca kaw dénd ba tiim seeni bopp, ba
tey, am na luy nirook ngànguney peru
safiir, te jëmmu nit nekk ca kaw-a-kaw lay
nirook ngàngune.
27 Ma gis nag lu mel ni weñ guy tàkk, wër
ko; dale ca lay niru ndigg la, jëm kaw;
daleeti ca lay niru ndigg la, jëm suuf. Ma
gis lu mel ni sawara akug leer wër ko.
28 Mu mel ni xon ci biiri niir, bésub taw.
Loolooy melokaanu leer ga ko wër. Muy
melokaan muy jëmmal leeru Aji Sax ji.
Naka laa ko gis, daldi ne gurub, dëpp sama
jë fi suuf. Ma dégg nag kàddu gu jib.

# 2

## *Aji Sax ji yebal na Esekiyel*

1 Ba loolu amee boroom kàddu ga ne ma:
«Yaw nit ki, jógal taxaw, ma wax la.»
2 Naka la ma wax loolu, ngelaw solu ma,
ne ma yékkét, ma taxaw, di dégg kiy wax
ak man.
3 Mu ne ma: «Yaw nit ki, maa lay yebal ci
bànni Israayil, xeeti fippukat yi fippu ci
sama kaw; ñook seeni maam dañu maa
mas di tooñ ba bésub tey jii.
4 Ci nit ñu dëgër bopp te dërkiis laa lay
yónni. Wax leen, ne leen: “Lii la Boroom bi
Aji Sax ji wax.”

‡ **1.22 *kiristaal*** daa mel ni weer bi ñuy defare ab kaas.

5 Ñoom nag, su ñu la déglook su ñu
gàntalee ndax kërug fippukat gi ñu
jikkowoo, dinañu xam ne ab yonent a ngi
ci seen biir.
6 Waaye yaw nit ki, bu leen ragal, bul
ragal seeni wax. Xam naa ne ay taxas aki
dég a lay wër, nga toog ci kawi jiit. Waaye
bul ragal seeni wax te bul tiit ci lenn lu ñu
la won doonte kërug fippukat lañu.
7 Nanga leen àgge samay wax, ñu déglook
ñu gàntal, nde ay fippukat lañu.
8 Yaw nit ki nag, déglul lii ma lay wax.
Bul fippu ni kërug fippukat gii. Sexal, te
lekk li ma lay jox.»
9 Naka laa xool, yem ci loxo bu ñu ma
tàllal. Ndeke téere bu ñu taxañ moo ci
nekk.
10 Mu tàqarñi ko fi sama kanam, muy lu
ñu bind biir ak biti, mbind ma di kàdduy
jooy aki onk aki yuux.

# 3

## *Aji Sax ji dooleel na Esekiyel*

1 Mu ne ma: «Yaw nit ki, lii ngay gis, lekk
ko. Lekkal téere bii te dem wax ak waa kër
Israayil.»
2 Ma ŋa, mu leel ma téere ba.
3 Mu ne ma: «Yaw nit ki, lekkal téere bii
ma la jox, ba suur këll.» May lekk, mu
neexe ni lem.
4 Mu ne ma: «Yaw nit ki, demal ba ca waa
kër Israayil, te nga àgge leen samay wax.
5 Du ci waaso wu xóotu làkk te diisu
làmmiñ lees la yebal. Ca waa kër Israayil
nga jëm.
6 Bare na waaso yoo xamul seeni wax,
yu xóotu làkk te diisu làmmiñ. Te su ma la
yebaloon ci ñoom, ñu déggal la.
7 Waaye waa kër Israayil duñu la
nangoo déggal, ngir nanguwuñu maa
déggal; ndax waa kër Israayil gépp a dëgër
bopp te dërkiis.
8 Maa ngii di la may kanam gu ñemee ni
seen kanam, ba nga dëgër bopp ni ñoom.
9 Jamaa moo raw doj te ni laay dëgërale
sa bopp. Bu leen ragal, bu leen tiit, li ñuy
kërug fippukat yépp.»
10 Mu teg ca, ne ma: «Yaw nit ki nag,
mboolem li ma lay wax, dégloo ko nopp, te
teewloo ko xel.

11 Nanga dem ba ca sa bokki ngàllo ga,
nga wax leen, ñu déglook ñu gàntal, ne
leen: “Lii la Boroom bi Aji Sax ji wax.”»
12 Ci kaw loolu ngelaw li Aji Sax ji wol ne
ma siféet, may dégg ci sama gannaaw,
riirum kàddu gu xumb gu ne: «Cant ñeel na
darajay Aji Sax ji fi màkkaanam.»
13 Mu ànd ak riirum laafi mbindeef yay
fenqoo, ak coowal mbege ya ñu feggool,
muy riir mu xumb.
14 Ba loolu amee ngelaw ne ma siféet,
yóbbu. Maa ngay deme naqar ak xol bu
tàng, te loxol Aji Sax ji diis gann ci sama
kaw.
15 Ma àgg ba ca ngàllog Tel Abib ga dëkke
tàkkal dexu Kebar. Foofa ñu dëkk laa toog,
jommi ci seen biir diiru juróom ñaari fan.
16 Ba juróom ñaari fan ya matee, kàddug
Aji Sax ji dikkal ma, ne ma:
17 «Yaw nit ki nag, wattukat laa la tabb,
ñeel waa kër Israayil, ba boo déggee baat
bu jibe sama gémmiñ, yaa leen koo artoo ci
sama ndigal.
18 Su ma nee ku bon ki: “Dee rekk ay sa
àtte,” te fekk artuwoo ku bon ka, waxuloo
lu ko waññee ca mbonam ga, ba mu mucc,
ku bon kooka day dee ndax tooñam,
waaye bakkanam yaw laa koy laaj.
19 Waaye yaw soo artoo nit ki ngir mu
wacc yoonu mbonam nag, tooñu boppam
a ko reylu, waaye yaw musal nga sa bopp.
20 Su dee boroom jëfi njekk bu dëpp
yoonu njekkam, di def ndëngte, maa koy
gàllankoor, mu dee. Soo ko artuwul ndax
bàkkaaram, dina dee, te deesul bàyyi xel
njekkal démbam la, waaye bakkanam, yaw
laa koy laaj.
21 Waaye nag su dee yaa artu boroom
jëfi njekk bi, ba tax bàkkaaratul, dina dund
déy, ndax kàddug artu ga, te yaw it musal
nga sa bopp.»

### *Tëju te tëlee wax misaal la*

22 Gannaaw loolu loxol Aji Sax ji dikk fa
ci sama kaw. Mu ne ma: «Génnal ba ci joor
gi, ma wax faak yaw.»
23 Ma génnsi ba ca joor ga. Ndeke jëmmu
leeru Aji Sax jaa nga foofa, taxaw mel ni
jëmmu leer ga ma gisoon ca tàkkal dexu
Kebar. Ma ne gurub, dëpp sama jë fa suuf.
24 Ci kaw loolu ngelaw solu ma, ne ma
yékkét, ma taxaw. Mu wax ak man, ne ma:
«Doxal, tëjuji sa biir néeg.
25 Te kat yaw nit ki, dees na la fa takke
ay buum, yeew la ba dootoo mana génn,
dem ci nit ñi.
26 Sa làmmiñ laay taqal ci sa denqleñ,
nga luu ba doo leen mana yedd, ndax
kërug fippukat lañu.
27 Waaye bu ma amee lu ma lay wax,
dinaa ubbi sa gémmiñ. Su ko defee nga ne
leen: “Lii la Boroom bi Aji Sax ji wax.” Kuy
dégg, dégg; kuy gàntal, gàntal. Ndax kërug
fippukat lañu.»

## 4

### *Esekiyel yégle na gaw ba*

1 Aji Sax ji ne: «Yaw nit ki, jëlal móolu
ban, teg fi sa kanam, nga rëdd ci ab dëkk,
mu misaal Yerusalem.
2 Nga gaw ko, tabax ab gawukaay bu ko
wër, sëkk ko, ba noppi sàkkal ko ay dali
xare, wërale ko dénki dàjjikaay ba mu daj.
3 Su ko defee nga jël saafukaayu weñ,
teg ko, mu mel ni miiru weñ bu dox sa
digganteek dëkk bi, te nga janook dëkk bi.
Noonu nga koy gawe, mu gawu. Loolu di
misaal, ñeel waa kër Israayil.
4 «Gannaaw loolu nanga tëdde sa wetu
càmmoñ. Googu wet ngay gàddoo ayu waa
kër Israayil*. Diiru fan yi ngay tëdde wet
ngay gàddoo seen ay.
5 Man nag àppal naa la limu fan yu
tembook limu ati ayu waa kër Israayil,
muy ñetti téeméeri fan ak juróom ñeent
fukk (390) yooy tegoo ayu waa kër Israayil.
6 Boo noppee ci loolu nanga tëdde wetu
ndijoor. Noonu ngay gàddoo ayu waa kër
Yuda diiru ñeent fukki fan, at mu nekk, ma
defal la ko benn fan.
7 Te nga jàkkaarlook gawub Yerusalem,
tàllal ko sa përëgu neen, daldi jottali
kàdduy waxyu ci kawam.
8 Te kat dinaa la yeewe ay buum ngir
doo mana walbatiku tëdde geneen wet, ba
keroog ngay sottal say fani gaw.

* **4.4** ***waa kër Israayil*** fii dafa ëmb réewum fukki giiri bànni Israayil ca bëj-gànnaar, ak réewum giiru Yuda ca bëj-saalum. Gannaaw ba Buur Suleymaan nelawee, am réewam xàjjalikoo na ñaari pàcc yooyu.

9 «Te kat nanga sàkk bele ak lors ak ñebbe
ak làntin ak dugub ak bele bu dëgër. Nga
boole lépp ci lenn ndab. Moom ngay lekk
diiru fan yi ngay tëdde wet. Diiru ñetti
téeméeri fan ak juróom ñeent fukk (390)
nga koy dunde.
10 Sa njëlu bés nag na doon ñaar fukki
siikal† yooy lekk bés ak bés.
11 Sa ndoxum naan it dees koy natt, mu
tollook genn-wàll liitar bés bu nekk.
12 Mburum lors ngay lekk te jonkani nit
nga koy lakke, nit ñiy gis.»
13 Aji Sax ji teg ca ne: «Noonu la bànni
Israayil di lekkeji seen ñamu sobe ci biir
xeet yi ma leen di tasaareji.»
14 Ma ne ko: «Ãhã! Boroom bi Aji Sax ji,
man de masumaa sobeel sama bopp. Muy
lu médd, di lu aw rab fàdd, masuma koo
lekk ba may gone ba tey. Wenn yàpp wu
daganul masula dugg sama gémmiñ.»
15 Mu ne ma: «Baax na, kon defal naa la
ko ndéef, mu wuutu jonkanu nit, nga koy
lakke sa mburu.»
16 Mu neeti ma: «Yaw nit ki, maa ngii di
xañ Yerusalem lépp luy dugub. Ci biir
njàqare lañuy lekke as mburu te xol bu
jeex lañuy naane siitum ndox.
17 Su ko defee ñu ñàkk lekk, ñàkk naan,
di xoolante gëti tiitaange, jeex tàkk ndax
seeni ñaawtéef.»

# 5

## *Dogal dikkal na Yerusalem*

1 «Yaw nit ki, jëlal saamar bu ñaw, nga def
ko sa saatus watukaay te nga wate ko sa
bopp ak sa sikkim. Nga jël ab màndaxekaay,
séddalee ko kawar gi ay cér.
2 Benn cér bi, nanga ko lakk ci digg
nataalu dëkk bi, gannaaw bu fani gaw bi
matee. Beneen cér bi, nga dóore ko saamar
bi, kawar gi tasaaroo fi wër dëkk bi.
Ñetteelu cér bi, nga sànni ko ci ngelaw li,
man ma toppe ko saamar.
3 Waaye nanga sàkk tuuti ci kawar gi, fas
ci sa lafu mbubb.
4 Nga dellu sàkk cooca, sànni ca sawara
sa, lakk ko. Ca la sawaray jóge, tàkkal
mboolem waa kër Israayil.
5 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yerusalem a ngoogu. Ci digg xeet yi laa ko
teg, réew yi wër ko.
6 Ñoo gàntal sama àttey yoon, ba gëna
bon xeet yi, gàntal samay dogal, ba gëna
bon réew yi leen séq. Xalab nañu sama
àttey yoon te jëfewuñu samay dogal.
7 «Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: Gannaaw seen reewande wees na
reewandey xeet yi leen séq, samay dogal,
jëfewuleen ko; sama àttey yoon, sàmmuleen
ko; sàmmuleen sax àttey xeet yi leen wër,
8 kon nag Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: Maa ngii ci seen kaw, man itam. Maay
wàcce fi seen biir ay mbugal, xeet yi teg ci
seeni gët.
9 Maay def fi seen biir lu ma masula def
te duma defati lu ni mel, ndax seen
mboolem jëf ju siblu.
10 Moo tax baay dina yàpp doom, doom
yàpp baay fi biir Yerusalem. Maay wàcce
ay mbugal fi yeen, te maay tasaare seenu
ndes wépp fépp fu ngelaw jublu.
11 «Moo tax, dogu naa ci man miy dund,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee, gannaaw
yeena def seen wépp njombe ak seen jépp
jëf ju siblu, di sobeel sama kër gu sell gi
man itam, maa leen di wat nel te duma
leen xool bëtu ñéeblu, duma leen ñeewante.
12 Seen ñetteelu xaaj, mbas lañuy deewe
mbaa xiif bu leen di sànk ci biir dëkk bi.
Beneen ñetteelu xaaj bi, saamar lañuy
faate ci seen dig-digal bi. Xaajub ñetteel bi
ci des, fépp fu ngelaw jublu laa leen di
tasaare, te saamar laa leen di toppe.
13 Maa leen di ŋaccal sama mer, sottil
leen sama xadar ba giif, te bu ma leen
ŋaccalee sama mer, ñu xam ne man Aji Sax
ji, maa waxe sama fiiraange.
14 Yeen waa Yerusalem maa leen di
gental, sewal leen ci biir xeet yi leen séq,
ku fi romb, di ci gis.
15 Keroog bu ma leen wàcceelee àtteb
mer ak xadar ak dumay xadar, seen dëkk
beey doon dëkkub toroxte bu ñuy kókkali,
dëkk bu gental buy yedd xeet yi leen séq.
Man Aji Sax ji maa ko wax.
16 «Ñoom bu ma leen soqee fitti xiif yu
aay, fitti bóomkat yooyu may fitt ngir bóom

† **4.10 *ñaar fukki siikal*** mooy ñaari téeméeri garaam ak fanweer.

leen, xiif laa leen di yokkal, ba xañ leen
dugub.
17 Maay yebal ci seen kaw ab xiif ak rabi
àll yu leen di xañ ay doom; mbas ak deret
ju tuuru gane leen, saamar, ma indil leen.
Man Aji Sax ji, maa ko wax.»

# 6

## *Tuur yi indi na mbugal*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji da
maa dikkal, ne ma:
2 «Yaw nit ki, jàkkaarlool ak tundi Israayil,
nga jottali leen kàdduy waxyu.
3 Neel:
“Yeen tundi Israayil,
dégluleen kàddug Boroom bi Aji Sax ji.
Boroom bi Aji Sax ji moo wax lii,
jëme ci tund wu mag ak wu ndaw
ak xunt aku xur, ne:
Maa ngi nii di leen wàcceel saamar,
maay màbb seen jaamookaayi tuur,
4 seen sarxalukaay gental,
seen suurukaayi tuur tasaaroo,
ma tëral seeni nit ñu ñu bóom fi seen
kanamu kasaray tuur.
5 Maay tegal néewi bànni Israayil ci seen
kanamu kasaray tuur.
Maay wasaare seeni yax fi wër seeni
sarxalukaay.
6 Fu ngeen mana sance,
seeni dëkk ay gental,
seen jaamookaayi tuur wéet,
seeni sarxalukaay yàqu, gental,
seen kasaray tuur rajaxoo ba jeex,
seen suurukaayi tuur màbb,
seeni liggéey réer.
7 Dees na leen bóom,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
8 Waaye maay déeg lenn ci yeen,
ñu rëcc saamar, tasaaroo ci xeet yi,
ci biir réewi jàmbur.
9 Su boobaa seenu ndes di ma fàttalikoo
fa biir xeet ya ñu leen yóbbu njaam,
fa may jeexale seen xolu gànc bi ma dëddu,
ak seen gët yi ñuy gànctook seeni tuur.
Su boobaa ñu jéppi seen bopp
ndax lu bon li ñu def ak seen jépp jëf ju
siblu.
10 Dinañu xam ne maay Aji Sax ji,
te du neen laa leen artoo,
ba ma leen di tëkkoo mii musiba.

## *Aji Sax jeey am ndam*

11 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Fenqeel say loxo, dóor sa tànk fi suuf te ne:
‘Ñaw!’
ci mboolem jëfi waa kër Israayil ju bon ju
siblu.
Saamar ak xiif ak mbas a leen di faat.
12 Ku sore deewe mbas,
ku jege faate saamar,
ku ca mucce, deek xiif,
ma ŋaccal leen sama xadar.
13 Dingeen xam ne maay Aji Sax ji,
bu seeni néew nee xas fi seen biiri tuur,
ak fi wër seeni sarxalukaay,
ak kaw tund wu mag ak wu ndaw,
ak mboolem ker garab gu naat,
ak mboolem garab gu mag te sëq,
fépp fu ngeen di taale cuuraay, ñeel seen
mépp tuur.
14 Maa leen di dóor sama loxo,
réew mi, ma gental koo gental,
dale ko màndiŋ ma ba Dibla,
ak fépp fu ñu mana sance.
Su boobaa ñu xam ne man maay Aji Sax
ji.”»

# 7

## *Jeexle dikk na*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji da
maa dikkal, ne ma:
2 «Léegi nag, yaw nit ki, Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax réewum Israayil ne ko:
Jeex na tàkk!
Jeexal dikkal na ñeenti weti réew mi.
3 Jeexal nga nag léegi!
Maay yebal sama mer fi sa kaw.
Maa lay mbugale say jëfin,
yool la sa jépp jëf ju siblu.
4 Duma la xool bëtu ñéeblu,
duma ñeewante kenn.
Say jëfin laa lay yool,
sa jëf ju siblu ji ci sa biir.
Su boobaa ngeen xam ne man maay Aji
Sax ji.

5 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Céy wii ay, guléet wii ay!
Mu ngii di dikk.
6 Jeexlee ngoog, jeexle dikk na,
jekki, yewwul la.
Mu ngii, di dikk!

7 Yaw nitu réew mee, sànkute dikkal na la.
Àpp mat,
bés dëgmal,
tiitaange wuutu ca mbéx fa kaw tund ya.
8 Du yàgg dara ma xëpp la sama xadar,
ŋaccal la sama mer,
mbugale la say jëfin,
yool la sa jépp jëf ju siblu.
9 Duma xoole bëtu ñéeblu,
duma ñeewante.
Say jëfin laa lay yool
ak sa jëf ju siblu ji ci sa biir.
Su boobaa ngeen xam ne maay Aji Sax jiy dumaa.

10 «Bés baa ngii, mu ngooguy dikk,
sànkute sàqi na,
yetu njubadee tóor,
reewande jebbi.
11 Fitnaa taxaw, di yet wuy dóoral coxor.
Seen lenn du des,
du seen mbooloo,
du seen alal,
du seen daraja.
12 Àpp mat,
bés jege.
Bu ca jëndkat tala bég,
bu ca jaaykat tala naqarlu!
Am sànj a dikkal askan wépp.
13 Bu jaaykat bi muccee it,
du jotaat ca njaayam.
Peeñu mi jëm ci askan wépp, daal, du toxu,
ku nekk ñaawtéefam lay dunde,
ba du leqaliku.
14 Liitu xareey jib, ba lépp jekk ngir xare,
te kenn du xareji,
sama sànj a dikkal askan wépp.
15 Saamar biti,
mbas akub xiif ci biir,
ki ci àll bi deewe xare,
ki ci biir dëkk bi, xiif ak mbas rey ko.
16 Ña rëcc, rawi ca tund ya,
waru pitaxi xur ya,
ñooy binneendoo ndax seeni tooñ.
17 Loxo yépp yoqi,
tànk tooy xepp.
18 Ñooy sol ay saaku di ko ñaawloo,
seen yaram wépp daw,
gépp kanam sëlmoo gàcce,
bopp ya di nel yu set wecc.
19 Seen xaalis, ñu sànni ci mbedd yi,
seen wurus di leen saf sagaru sobe.
Keroog bésub sànjum Aji Sax ja,
du xaalis, du wurus wu leen di xettali.
Du leen fajal xiif,
du leen reggal,
xanaa tàbbal leen cig njubadi.
20 Ñoo doon sagoo seen gànjar gu yànj,
di ci sàkk jëmmi tuur yu jara bañ te jomblu,
ba tax ma defal leen ko sagaru sobe.
21 Maa koy teg ci loxoy doxandéem, ñu foqati ko,
muy alal ju sagari niti àddina sëxëtoo,
ñàkk ko wormaal.
22 Maa leen di dummóoyu,
maay bàyyi nit ñi teddadil sama ngëneelu béreb,
ay sàcc a cay tàbbi, teddadil ko.
23 Waajalleen càllala yi,
tuur nañu deret ba réew mi fees,
dëkk bi fees ak fitna.
24 Maay indi xeet yi gëna néeg,
ñu nangu seeni kër,
ma daldi sàggi sagu boroom doole yi,
sobeel seen béreb yu sell.
25 Tiitaangee ngi dikk,
ñuy sàkku jàmm, jàmm réer.
26 Ay ci kaw ay a ngi dikk,
xibaar ci kaw xibaar,
ñuy sàkku peeñum yonent ci neen,
ndigalu yoon réer sarxalkat,
pexe réer mag.
27 Buur dina tiislu,
garmi làmboo séri ñaawlu,
baadoolay réew mi di kat-kati.
Seeni jëfin laay jëfeek ñoom,
seeni àtte laa leen di àttee,
ñu xam ne maay Aji Sax ji!»

# 8

*Bokkaale feeñ na ca kër Yàlla ga*

1 Keroog juróomi fan, ca juróom
benneelu weer wa, ca juróom benneelu at
ma*, damaa toog sama biir néeg, magi
Yuda bokk ak man toog. Fa la loxol
Boroom bi Aji Sax ji dal fi sama kaw.
2 Ma xool, yem ci jëmm ju ame
melokaanu nit. Li ko dale fiy nirook lupp

* 8.1 Mu yemook juróom benneelu at gannaaw ba Buur Yoyakin duggee ngàllo.

yi jëm suuf, sawara la. Li dale ci lupp yi
jëm kaw ame melokaanu leer, mel ni weñ
guy tàkk.
3 Mu tàllal lu bindoo ni loxo, daldi sëq
sama kawaru bopp, ab ngelaw yékkati ma
ba ca diggante kaw ak suuf, yóbbu ma ba
Yerusalem ci biir peeñum Yàlla, ba ca
buntu ëttu biir kër Yàlla ba janook
bëj-gànnaar, fa ñu teg jëmmu bokkaale jay
sabab fiiraangey Yàlla.
4 Ma jekki gis foofa leeru Yàllay Israayil
ca melokaanam ma ma ko gise woon ca
joor ga.
5 Mu ne ma: «Yaw nit ki, séenul ca wetu
bëj-gànnaar.» Ma séenu ca wetu bëj-gànnaar,
yem ca jëmmu bokkaale jooju féeteek bunt
ba dend ak sarxalukaay ba féete
bëj-gànnaar.
6 Mu ne ma: «Yaw nit ki, gis nga li ñuy
def, tojaange yu réy yi waa kër Israayil di
def fii, ba di ma soreleek sama kër gu sell
gi. Te dinga gis tojaange yu gënatee màgg.»
7 Mu yóbbu ma ba ca buntu ëtt ba, ma
yem ci menn pax mu nekk ca miir ba.
8 Mu ne ma: «Yaw nit ki, ayca, gasal fii ci
miir bi!» Ma gas rekk, gis ab jàllukaay.
9 Mu ne ma: «Jàllal, ba gis tojaange yu
bon yi ñu fiy def.»
10 Naka laa jàll ba xool, yemuma ci lu
moy ay nataal yu ñu ñaas ci miir bi bépp, di
mboolem ndundat yuy ramm-rammi ci
suuf, ak rab yu jara seexlu, ak mboolem
jëmmi kasaray tuur yu waa kër Israayil di
jaamu.
11 Juróom ñaar fukki magi kër Israayil a
nga taxaw, janook nataal ya. Yaasaña
doomu Safan a nga ca. Ku ci nekk a nga
yor sab and, cuuraay la jolli.
12 Mu ne ma: «Yaw nit ki, du yaa gis li
magi kër Israayil di def ci lëndëm gi, ku
nekk ak fa ñu jagleel sa nataalu tuur. Ña
nga naan: “Aji Sax ji gisu nu, Aji Sax ji
wacc na réew mi.”»
13 Mu dellu ne ma: «Te dinga gis
tojaange yu gënatee màgg yu ñu nekke.»
14 Gannaaw loolu mu yóbbu ma ba ca
buntu kër Aji Sax ja féete bëj-gànnaar.
Ndeke jigéen ñaa nga foofa toog, di jooy
deewug tuur mu ñuy wax Tamus.
15 Mu ne ma: «Yaw nit ki, yaa ko gisal sa
bopp! Te dinga gis tojaange yu gëna
màggati yii.»
16 Mu yóbbu ma ba ca ëttu biiru kër Aji
Sax ji, ndeke foofa ca buntu néegu Aji Sax
ji, diggante mbaaru bunt baak
sarxalukaay ba, lu wara tollook ñaar fukki
nit ak juróom a nga fa, ñu won gannaaw
kër gu sell gi, jublu penku, di sukkal jant
bi, dëpp seen jë fi suuf.
17 Mu ne ma: «Yaw nit ki, du yaa gis lii?
Moonte tojaange gi waa kër Yuda di def fii
doyu leen. Xanaa ñuy wasaare fitna ci
réew mi, di gëna yékkati sama xol. Xoolal!
Ñu ngooguy def jëfi yéefar, jël caru garab,
di fóon.
18 Man it maa leen di feye xadar. Duma
xool bëtu ñéeblu, duma ñeewante. Dinañu
yuuxu yuux yu réy, may dégg te duma leen
faale.»

# 9

*Rey nañu bokkaalekat yi*

1 Gannaaw loolu Aji Sax ji àddu ca kaw,
may dégg. Mu ne: «Yeen mbugalkati dëkk
bi, kaayleen, te na ku nekk ŋàbb sa
ngànnaayal reyukaay.»
2 Ca saa sa juróom benni góor jóge yoonu
bunt ba féete kaw te janook bëj-gànnaar, ku
nekk ŋàbb sa ngànnaayal reyukaay.
Keneen a nga ca seen biir, ku sol
mbubbum lẽe, ak mbarum bindukaay ba
ca ndiggam. Ñu dikk taxaw ca wetu
sarxalukaayu xànjar ba.
3 Ci kaw loolu leeru Yàllay Israayil ja
woon ca kaw jëmmu malaakay serub ma,
yékkatikoo fa, jubal buntu kër ga. Mu woo
boroom mbubbum lẽe baak mbarum
bindukaay ba ca ndiggam.
4 Aji Sax ji ne ko: «Wëral dëkk bi, ci biir
Yerusalem. Foo gis kuy onk aka binni, di
ko naqarloo gépp tojaange gu ñu fiy def,
nga rëdd aw rëdd ci jëëm.»
5 Ba loolu wéyee mu wax ak ña ca des,
may dégg. Mu ne leen: «Toppleen ko ca biir
dëkk ba te di rey. Buleen xool bëti ñéeblu,
buleen ñeewante.
6 Mag ñu góor ñeek xale yu góor yi, jeeg
jeek janq ji, ba ci tuut-tànk yi, reyleen
ñépp, faagaagal leen. Waaye ku ci am

rëddu jë, buleen ko laal. Dooreleen ko ci
sama kër gu sell gi.» Ñu tàmbalee bóom
mag ña ca kanam kër Yàlla ga.
7 Aji Sax ji ne leen: «Feesalleen ëtt yeeki
néew, sobeelleen kër gi, doora génn.» Ba ñu
noppee, daldi jàll ca biir dëkk ba, di rey.
8 Naka lañu dem, di reyi, ma des fa man
doŋŋ. Ma daldi daanu, dëpp sama jë fa
suuf, daldi àddu ca kaw, ne: «Éy Boroom bi
Aji Sax ji, xanaa doo sànk mboolem ndesu
Israayil ci sa xadar jii ngay xëpp ci kaw
Yerusalem?»
9 Mu ne ma: «Tooñaangey waa kër
Israayil ak Yuda moo ëpp loxo lool. Réew
maa ngi fees ak deret, dëkk bi fees ak
yàqute. Nee nañooy: "Aji Sax ji wacc na
réew mi. Aji Sax ji gisul dara."
10 Man it duma xool bëtu ñéeblu, duma
ñeewante. Seen jëfin laay këpp ci seen kaw
bopp.»
11 Ci kaw loolu boroom mbubbum lẽe
baak mbarum bindukaay ba ca ndiggam,
ne jimeet, délsi. Mu ne: «Def naa lépp na
nga ma ko sante.»

# 10

## *Leer ga dëddu na kër Yàlla*

1 Ba loolu wéyee ma téen, daldi yem ci lu
mel ni ngànguney peru safiir ci kaw dénd
bi tiim boppi malaakay serub yi.
2 Aji Sax ji ne boroom mbubbum lẽe ba:
«Doxal ci diggante mbege yi ronu jëmmi
serub yi, nga tibb say loxo ba mu fees ci
xal yu yànj yi, te nga dem wasaare ko ci
kaw dëkk bi.» Kooka dem, may gis.
3 Ba waa jay agsi, jëmmi serub yaa nga
taxaw fa féete kër Yàlla ga ndijoor, niir wa
daldi fees ëttu biir ba.
4 Ba leeru Aji Sax ji yékkatikoo ca serub
ya, dem ba ca buntu kër ga, niir wa daa
fees kër ga, ëtt ba fees dell ak leeru Aji Sax
ja ne ràññ.
5 Coowal laafi malaakay serub yaa ngay
jib ba ca ëtt ba féete biti, mel ni kàddug
Yàlla Aji Man ji.
6 Ba Aji Sax ji santee boroom mbubbum
lẽe ba, ne ko mu sàkk sawara ci diggante
mbege yi ci digg jëmmi serub yi, waa ja
dem, taxaw feggook menn mbege.
7 Ci kaw loolu kenn ci malaakay serub yi
yóotu sawara si ci seen digg, daldi sàkk ci
xal yi, def ci loxoy boroom mbubbum lẽe
ba, mu jël ko, daldi génn.
8 Ba loolu amee lu mel ni loxol nit feeñ
ca ron laafi serub ya.
9 Ma xoolaat, yemuma ci lu moy ñeenti
mbege yu feggook ñeenti serub yi, menn
mbege ci wetu serub bu ne, te mbege yi ne
ràññ, ame melokaanu peru kirsolit.
10 Ñoom ñépp a niroo, te mbege mu ci ne
mel ni mbegee nekk ca biiram,
11 ba tax ñu mana dawe ñeenti wet te
duñu warangiku. Fu boppu serub jublu,
mbege yi daw jublu fa, te du tax ñu
warangiku.
12 Serub yi nag, mboolem seen yaram,
seen gannaaw ak seen cati loxo ak seeni
laaf, lépp ay gët la sàngoo ba daj, ba ci seen
ñeenti mbege yi.
13 Mbege yooyu laa dégg ñu tudde leen
mbegey callweer.
14 Malaakam serub mu ci nekk am na
ñeenti kanam. Genn kanam ga di gu serub,
ñaareelu kanam ga di gu nit, ñetteel ba di
gu gaynde, ñeenteel ba di gu jaxaay.
15 Serub ya nag jëm kaw. Serub yooyu
ñooy mbindeef ya ma gisoon ca tàkkal
dexu Kebar.
16 Bu ñu dawee, mbege ya feggook ñoom
daw, bu ñu firee seeni laaf, jëm kaw,
mbege ya du teqalikook ñoom.
17 Bu ñu taxawee, mbege yi taxaw, bu ñu
jógee jëm kaw, ñu ànd ak ñoom, jëm kaw.
Noowal boroom bakkan yi daal moo nekk
ci mbege yi.
18 Ba loolu amee leeru Aji Sax ji bàyyikoo
fa buntu kër ga, daldi taxawi ca kaw serub
ya.
19 Serub ya firi seeni laaf, jóge suuf, jëm
kaw, may gis, ñu jógandook mbege ya ñu
àndal, daldi taxawi ca wetu buntu penkub
kër Aji Sax ja, leeru Yàllay Israayil tiim
leen lu kawe.
20 Ñooñooy mbindeef ya ma gisoon Yàllay
Israayil tiim leen ca tàkkal dexu Kebar. Ca
laa xam ne ay malaakay serub lañu.
21 Ñeenti kanam la ku ci nekk am, ak
ñeenti laaf, ak lu mel ni loxoy nit yu ron
seeni laaf.

22 Seen bindu kanam ya mooy kanam ya
ma gisoon ca tàkkal dexu Kebar. Ci seen
melokaan, ñoom rekk la. Ku nekk man naa
jubal màkk fépp fu genn kanam jublu.

# 11

*Digeb yiw a gën jàmmu tey*

1 Ba loolu wéyee ngelaw ne ma siféet,
yóbbu ma ba ca buntu penkub kër Aji Sax
ja janook penku. Foofa ca bunt ba,
yemuma ci lu moy ñaar fukki nit ak
juróom. Ma xàmmee ca Yaasaña doomu
Asur ak Pelaca doomu Benaya, di njiiti
askan wi.
2 Aji Sax ji ne ma: «Yaw nit ki, ñii ñooy
mébétkati ñaawtéef ñiy digle lu bon ci dëkk
bii.
3 Ñu ngi naa: “Bunu tabaxagum ay kër;
dëkk bii daa mel ni ndab, nun nu fegu ni
yàpp wu ca ube.”
4 Kon nag yaw nit ki, jottalil kàdduy
waxyu jëme ci seen kaw.»
5 Leerug Aji Sax ji daldi dal fi sama kaw,
ne ma: «Neel:
Aji Sax ji dafa wax ne:
Yeen waa kër Israayil, yeena waxe nii,
seeni mébét, xam naa ko.
6 Bóom ngeena bóom seen bokki dëkk bii,
ba mbedd yi fees dell aki néew.
7 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Dëkk bi kay ndab la,
seen bokki néew yi ngeen fi saam di yàpp
wi ci ube,
waaye yeen dees na leen fi génnee.
8 Saamar ngeen ragal,
saamar laa leen di indil.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
9 Maa leen di génne biir dëkk bi,
teg leen ci loxoy doxandéem,
wàcceel leeni mbugal.
10 Saamar lañu leen di faate,
fa catal Israayil laa leen di mbugale,
ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
11 Dëkk bii du doon seen ndab,
te dungeen yàpp wu cay ube.
Fa catal Israayil laa leen di mbugale.
12 Su boobaa ngeen xam ne maay Aji Sax
ji ngeen sàmmul dogali yoonam,
jëfewuleen àttey yoonam,
xanaa di jëfe aaday xeet yi leen séq.»
13 Naka laay jottalil kàdduy waxyu,
Pelaca (muy firi Aji rëcc ju Yàlla) doomu
Benaya jekki rekk, dee. Ma ne fëlëñ, dëpp
sama jë fa suuf, daldi àddu ca kaw, ne: «Éy
Boroom bi Aji Sax ji, yaay faagaagal ndesu
Israayil nii?»
14 Ba loolu wéyee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma, ne ma:
15 «Yaw nit ki, gannaaw sa bokk yooyu
nga bokkal, ñuy say bokk lenqe, di
mboolem waa kër Israayil ñi nekk ngàllo,
ñoom la waa Yerusalem di siis, naan:
“Soreleen Aji Sax ji; réew mii, nun la ko
sédd.”
16 Kon nag, waxal ne: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne:
Maa soreel moos seen bokk yooyu fa biir
yéefar ya,
maa leen wasaare biir réewoo réew,
te du tee ma teewal leen ni béreb bu sell
fa réew ya ñu sancaani.”
17 Moo tax nanga wax ne: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne:
Maa leen di dajalee fa xeet ya,
boolee leen fa réew ya ngeen wasaaroo,
ba joxaat leen suufas Israayil.”»
18 Mu teg ca ne: «Bu waa kër Israayil
ñibbee,
dinañu fa jële mboolem lu jomblu ak lépp
lu siblu.
19 Maa leen di may beneen xol, te xel mu
yees laay def ci ñoom.
Seen xol ni doj yi laay roccee ci seen
yaram,
wecceel leen ko xol yu nooye ni suux.
20 Su ko defee sama dogali yoon lañuy
doxe,
te sama àttey yoon lañuy sàmm, di ko jëfe.
Su boobaa ñuy sama ñoñ,
may seen Yàlla.
21 Waaye nit ña seen xol jengal seen jëf ju
jomblu,
ak seen yëf yu seexluwu,
maay këpp seen jëf ci seen bopp.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»
22 Ba loolu amee malaakay serub ya firi
seeni laaf, ànd ak mbege ya, leeru Yàllay
Israayil tiim leen fa kaw-a-kaw.
23 Gannaaw loolu leeru Aji Sax ji
yékkatikoo fa digg dëkk ba, dem, taxawi fa
kaw tund wa ca penkub dëkk ba.

24 Ba loolu amee ngelaw ne ma siféet,
yóbbu ba ca waa ngàllo ga ca réewum
Babilon, lépp ci peeñu, ci dooley leerug
Yàlla. Peeñu ma ma gis nag yem fa.
25 Ba loolu amee ma àgge waa ngàllo ga
mboolem mbir ya ma Aji Sax ji won.

# 12

*Ngàllo xeeñ na*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji da
maa dikkal ne ma:
2 «Yaw nit ki, digg kërug fippukat nga
dëkke, ñu ami gët te duñu gis, ami nopp te
duñu dégg, ndax kërug fippukat lañu.
3 Yaw nag nit ki, dajaleel ci digg bëccëg,
ñépp di gis, sa jumtukaay yi, mel ni ku jëm
ngàllo te nga sanci feneen, ñépp teg ci bët.
Jombul ñu gis ne kërug fippukat lañu.
4 Sab ëmb ngay njëkka génne digg bëccëg
ni ku jëm ngàllo, ñépp teg ci bët. Te yaw
nga génn ngoon ni ku jëm ngàllo, ñu teg ci
bët.
5 Dangay bëtt ci miir bi, ñuy gis, pax
mooy yoore sab ëmb.
6 Nañu la gis nga gàddu sab ëmb, génn ci
lëndëm gi. Booy génn di dem, sa kanam
ngay muur, ba doo mana gis suuf si, ngir
misaal laa la def, ñeel waa kër Israayil.»
7 Ma def loolu noonee ñu ma ko sante.
Samab ëmb laa génne digg bëccëg ni ku jëm
ngàllo. Ca guddi ga ma bëtte miir ba loxoy
neen, ñépp di gis. Ci lëndëm gi laa gàddu
sama ëmb, ñuy gis.
8 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ca ëllëg sa ca suba, ne ma:
9 «Yaw nit ki, xanaa waa kër Israayil,
kërug fippukat gi, newuñu la: “Ana looy
def nii?”
10 Waxleen, ne leen: “Boroom bi Aji Sax
ji dafa wax ne: Boroom Yerusalem la artu
bii ñeel, mook mboolem waa kër Israayil
gi fi dëkk.”
11 Neel:
“Man maay seen misaal.”
Nii ma def rekk lees leen di def,
ngàllo lees leen di jàpp, jëme.
12 Seen boroom dëkk beey gàddub ëmbam,
génn dëkk bi ci lëndëm gi.
Miiru dëkk bi lees di bëtt, jaarale ko ca.
Kanam ga lay muur,
ba tax du gis suuf si.
13 Maa koy laaw samab caax,
mu keppoo samag fiir,
ma yóbbu ko Babilon fa Kaldeen ña dëkk.
Réew ma, du ko gis te fa lay deewe.
14 Mboolem ña ko dar,
ay toppam ak mboolem gàngooram,
maa leen di wasaare fépp fu ngelaw jublu,
toppati leen ak saamar.
15 Bu ma leen tasaaree ci biir xeet yi,
wasaare leen ci réew yi,
ñu xam ne maay Aji Sax ji.
16 Du tee ma ba ñenn ci ñoom,
ñu mucc saamar, mucc xiif, mucc mbas,
ba nettaliji seen gépp tojaange
ca digg xeet ya ñu jëm.
Su boobaa ñu xam ne maay Aji Sax ji.»
17 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal ma ne ma:
18 «Yaw nit ki, lekkal saw ñam, di kat-kati,
naane njàqare sam ndox, di rag-ragi,
19 te nga wax waa réew mi,
mbirum waa Yerusalem ga ca suufas
Israayil,
ne leen Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Njàqare lañuy lekkeji seenu ñam,
te xol bu gental lañuy naane seenum ndox,
ndax seen réew mu gental, ñàkk lépp lu ko
feesoon,
ngir coxoru mboolem ñi ko dëkke.
20 Dëkk yu xumboon, mujj wéet,
réew mi doon ab gent,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.»

*Kàddug Yàlla du jaas*

21 Gannaaw gi, kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
22 «Yaw nit ki, du lii ngeen defati aw léeb
ci biir réewum Israayil? “Bés yaa ngi bëgga
baree, te peeñu sottiwul!”
23 Kon wax leen ne leen: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne:
Maay dakkal woowu léeb,
ba muy léebtil fi Israayil.”
Waxleen kay ne leen:
“Bés a ngi jubsi,
peeñoo peeñu sotti.
24 Du peeñuy caaxaan muy amati mbaa
ngisaaney jayaate
fi biir kërug Israayil.
25 Man Aji Sax ji,
maay wax li may wax,
mu sotti te dootul fomm.

Kërug fippukat gi ngeen doon,
maay àddu kàddu, sottal ngeen fekke,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee!”»
26 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal ma, ne ma:
27 «Yaw nit ki, waa kër Israayil déy a nga
naan: “Peeñu yi kii di gis, des na ay fani
fan, ci lu soree sore lay jottali ay kàdduy
waxyu!”
28 Moo tax wax leen ne leen: “Boroom bi
Aji Sax ji dafa wax ne:
Sama genn kàddu dootul fomm.
Léegi kàddu gu ma àddu, sottal ko.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.”»

# 13

*Mbugalu yonent yi taxaw na*

1 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, jottalil kàdduy waxyu jëme
ci kaw yonenti Israayil yiy biral ay kàdduy
waxyu. Nanga wax ñiy biral kàdduy
waxyu ci seen xelum bopp, ne leen:
“Dégluleen kàddug Aji Sax ji:
Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
3 Wóoy ngalla yonent yu ñàkk xel
yiy topp seen xelum bopp te gisuñu tus!
4 Yeen yonenti Israayiloo,
mbete till yuy foreb gent!
5 Yéeguleen ca biir bëttukaayi tata ja,
jagalaguleen tata ju aar Israayil,
ngir taxaw, waajal xare ba,
keroog bésub Aji Sax ja.
6 Seeni peeñu caaxaan la,
seeni ngisaane diy fen.
Ñu naa: ‘Kàddug Aji Sax jee,’
te Aji Sax ji yebalu leen!
Teewul ñuy xaar kàddu gu sotti.
7 Xanaa du peeñuy caaxaan ngeen gis?
Du ngisaaney fen ngeen di waxe,
naan: ‘Kàddug Aji Sax jee,’
te man àdduwuma?

8 «“Kon nag Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Gannaaw yeena waxi caaxaan, gisi fen,
maa ngii nag, di dal fi seen kaw.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee!
9 Sama loxooy dal yonent
yiy gis peeñuy caaxaan,
di gisaaney fen.
Sama péncum ñoñ, duñu fa teewe,
limeefu kër Israayil, deesu leen ca bind,
te réewum Israayil, duñu fa dellu.
Su boobaa ñu xam ne maay Boroom bi Aji
Sax ji.
10 Kon nag gannaaw ñu ngi lajjal sama
ñoñ,
naan leen lépp jàmm! Te jàmm amul,
mu mel ni miiru digaloo bu sew bu ñu
ñab-ñabal,
te ñii defuñu lu moy raax ko raax bu weex,
11 waxal raaxkati weexal yi, ne leen:
‘Tata jeey màbb,
ndax waameey wal,
ponkali doji yuur ne yureet,
ngëlén riddi, bëtt tata ja!’
12 Bu tata ji jekkee ne jànjaŋ,
ndax deesu leen laaj fu weexal ba ngeen
ca raaxoon jaar?
13 Kon Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maay xadaru, riddil ngëlén,
mer, walal waame,
am sànj yuri ponkali doji sànkute.
14 Maay màbb tata ji ngeen raax weexal,
mëqal ko suuf,
fondmaa tata ja ne duŋŋ,
lépp jóoru, ngeen jekkaliku ca biir.
Su boobaa ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
15 Maay xëpp sama xadar ci kaw tata ji
ak ña ko raaxoon weexal,
ne leen: ‘Tata mes,
weexalkatu tata mes!
16 Mooy yonenti Israayil yi biral
Yerusalem kàdduy waxyu,
di leen gisal peeñum jàmm,
te jàmm amul.’
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee!”

17 «Yaw nit ki,
janool ak sa bokk yu jigéen
yiy biral kàdduy waxyu ci seen xelum
bopp,
nga jottali kàdduy waxyu fi seen kaw.
18 Neel: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Wóoy ngalla jigéen ñiy sàkkal ku ne jarab
xërëm,
di ràbbal ku ne muuraayu xërëm bu ko jot,
di ko moome nit ñi!
Ndax man ngeena aakimoo sama
bakkanu ñoñ
tey sàmmaale seen bakkanu bopp?

19 Bu ngeen di fen sama ñoñ ñiy dégluy fen,
yeena ngi may teddadil fi sama ñoñ,
ngir ŋëbu peppum lors ak dogu mburu,
ba tax ngeen di rey bakkan yu warula dee,
di musal bakkan yu warula dund.
20 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maa ngii di dal ci seen kaw jaray xërëm
yi ngeen di nappe ay bakkan niy picc.
Seeni jara laay foqatee ci seeni loxo,
ba yiwi bakkan yi ngeen di napp niy picc.
21 Maay foqati seeni muuraay,
génne sama ñoñ ci seeni loxo,
ñu noppee doon seenum pàdd,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
22 Gannaaw yeena fen ba jeexal xolu aji jub,
te du maa ko tegu naqar,
gannaaw yeena dooleel ku bon,
tere koo dëpp yoonu mbonam ba dund,
23 dungeen gisati nag peeñuy caaxaan,
dungeen gisaaneeti.
Maay génne sama ñoñ ci seeni loxo,
ngeen xam ne maay Aji Sax ji.”»

# 14

*Dëppleen*

1 Ba loolu wéyee ay magi bànni Israayil
dikk janook man, toog.
2 Kàddug Aji Sax ji dikkal ma ne ma:
3 «Yaw nit ki, ñii seen kasaray tuur lañu
def ci seen xol, muy ay wu leen di
gàllankoor, te ñu ne ci jàkk. Ndax ñii dinaa
leen wacc moos, ñuy sàkku leeraange ci
man?
4 Waxal ak ñoom nag, ne leen: “Boroom
bi Aji Sax ji dafa wax ne: Képp ku bokk ci
waa kër Israayil, ku yékkati kasaray
tuuram, def ci xolam, muy ay wu koy
gàllankoor, te mu ne ci jàkk, ba noppi muy
seetluji ci ab yonent; man Aji Sax ji maa
koy tontu tont lu dëppook limub kasaray
tuuram.
5 Maay def loolu ngir nanguwaat xolu
waa kër Israayil gi ma dëddu ngir seen
mboolem kasaray tuur yi.”
6 Kon nag waxal waa kër Israayil, ne
leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Dëppleen te dëddu seen kasaray tuur.
Mboolem seen yëf yu siblu, dëdduleen ko.
7 «“Képp ku bokk ci waa kër Israayil,
mbaa muy doxandéem bu dal ci biir
Israayil, bu ma waccee, ba yékkati kasaray
tuur, def ci xolam, muy ay wu koy
gàllankoor, te mu ne ci jàkk, kooku bu
dikkee cib yonent di sàkku leeraange ci
man, man Aji Sax ji maa koy tontul sama
bopp.
8 Nit kooku maa ko naa jàkk, def ko muy
firnde, di ku ñuy léeboo, te maa koy
wàññee ci sama ñoñ, ba ngeen xam ne
maay Aji Sax ji.
9 «“Su fekkee ne yonent baa am lu ko
nax, ba àddul boppam genn kàddug waxyu,
day fekk man Aji Sax ji maa nax yonent
ba. Maa koy dumaa sama loxo, sànke ko ci
digg Israayil, sama ñoñ.
10 Kay seetlu ca yonent ba aw ayam,
mook ayu yonent ba, benn lay doon. Ñooy
bokk gàddu seenu ay.
11 Su ko defee waa kër Israayil dootuñu
ma wacc, di lajj, te dootuñu sobeel seen
bopp ci seen bépp bàkkaar. Sama ñoñ lañuy
doon, man ma doon seen Yàlla. Boroom bi
Aji Sax jee ko wax.”»

*Yerusalem gépp a yelloo mbugal*

12 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
13 «Yaw nit ki, bu ma am réew dee moye
jëfi ñàkk worma, ba ma dumaa leen sama
loxo, xañ leen mburu, yónnee leen ab xiif,
ba boole fa fàdd doom aadamaak mala,
14 su Nóoyin ak Dañeel ak Ayóoba
bokkoon nekk ca seen biir sax, ñoom ñett
doŋŋ la seen bakkan di mucc ndax seenug
njub. Boroom bi Aji Sax jee ko wax.
15 Su ma dajaloon réew meek rabi àll yu
ko jeexal, ba muy réew mu gental mu kenn
jaareetul ndax rab ya,
16 te mu fekk ñett ñooñu ca biir réew ma,
giñ naa ko ci man miy dund, kàddug
Boroom bi Aji Sax jee, ñooñu ñett duñu
mana musal seen jenn doom, du góor du
jigéen; ñoom doŋŋ ay mucc, te réew ma
dina gental.
17 Su ma wàccee saamar ci miim réew it,
ba sant saamar ne ko mu jaar ci biir réew
mi, faat fi nit ak mala,
18 te mu fekk ñett ñooñu ci biir réew mi,
giñ naa ko ci man miy dund, kàddug

Boroom bi Aji Sax jee, du seen jenn doom,
góor ak jigéen ju ñuy mana musal. Ñoom
ñett doŋŋ ay mucc.
19 Su ma yebalee mbas ci kaw réew mii
it, ba xëpp fi sama sànj ci biir deret ju
tuuru, ngir faat fi nit ak mala,
20 te mu fekk Nóoyin ak Dañeel ak Ayóoba
ci biir réew mi, giñ naa ko ci man miy
dund, kàddug Boroom bi Aji Sax jee, ñooñu
ñett duñu mana musal seen jenn doom,
góor ak jigéen. Seen njubteg bopp mooy
musal seen bakkan.
21 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Sama ñeenti mbugal yu tar yii laay yebal ci
kaw Yerusalem. Ñuy saamar akub xiif ak
rabi àll aku mbas, ngir faat ci réew mi nit
ak mala.
22 Waaye du tee mu am ndes mu ca
rëcce, diy góor aku jigéen, ñu ñuy génneji
réew mi. Ñu ngooguy génn, di leen fekki, te
bu ngeen gisee seen jikko ak seeni jëf ju
bon, seen xol dina sedd ci musiba mi ma
wàcce ci kaw Yerusalem, ak mboolem lu
ma fi wàcce.
23 Seen xol dina sedd ndax bu ngeen
gisee seen jikko ak seeni jëf, dingeen xam
ne mboolem li ma def ci dëkk bi, defuma
ko ci neen. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»

# 15

## *Bantu reseñ matul matt*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, ana lu bantu reseñ gëne ci
bant yi,
ak mboolem caru garab bu mu doon ci
gott bi?
3 Ndax dees na ca sàkk bant, liggéeye ko?
Am dees na ca sàkke wékkukaay, wékk ca
lenn?
4 Xanaa sànni cib taal, xambe,
ñaari cat ya lakk, digg ba xoyomu.
Ana lu deeti njariñam?
5 Ndegam ba mu nee ñumm,
lees ci dul liggéey dara,
gën ba mu jàppee ba xoyomu.
6 Kon nag Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Dees na xamb caru reseñ,
mu bokk ci banti garab yi ma joxe, ñu
xamb lépp,
te noonu laay xambe waa Yerusalem.
7 Maay jànkoonteek ñoom,
ñu rëcc sawara,
sawara lakk leen.
Bu ma jànkoonteek ñoom,
dingeen xam ne maay Aji Sax ji.
8 Maay gental réew mi,
ñoo def jëfi ñàkk worma.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»

# 16

## *Yerusalem yemul ci boroom këram*

1 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, nanga xamal Yerusalem
jëfam ju siblu ji.
3 Ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: Sa cosaan ak sab juddu réewum
Kanaan la. Sa baay dib Amoreen, sa ndey
dib Etteen*.
4 Ba nga juddoo, ca bés ba nga juddoo,
dooñeesu la, sangeesu la ba nga set,
jonjeesu la xorom, laxaseesu lay laytaay.
5 Xooleesu la bëtu ñeewante ngir defal la
lenn ci yooyu ngir yërmande. Dees laa sànni
ci àll bi bés ba nga juddoo ndax jéppi la.
6 Maa fa jaare, seen la ngay wéqu,
sangoo sa deret. Ma ne la: Sangoo nga sa
deret waaye, dundal! Neeti la: Sangoo nga
sa deret, waaye dundal!
7 Maa la sëqal ni caxum tool, ngay màgg,
di màgg ba mat sëkk, saxi ween, sa kawar
sëq, te nga ne duŋŋ-duŋŋaaral.
8 Ma jaareeti fa, xool la, gis ne mat ngaa
séy. Ma tàllal sama mbubb, sànge ko sa
yaramu neen, ba noppi giñal la, dikke la
kóllëre†. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee. Nii
laa la moome.
9 «“Ma daldi lay sang, raxas sa deret ba
mu set, diw la,
10 solal la ndimo lu yànj ak dàlli der,
muure la ndimol lẽe, tegal la ca sooy.
11 Ma takkal lay gànjar; takkal la lami
loxo akub caq,

---

* **16.3** ***Amoreen*** ñeek ***Etteen,*** ña dëkke woon diiwaanu tund ya, ay jaamukati tuur lañu woon ñu bokkoon ca askanu Kanaaneen ña. Du Yawut yaa sanc Yerusalem, waaye Kanaaneen ñaa ko sancoon. Seetal ci *Amos* 2.10. † **16.8** Seetal ci *Ruut* 3.9.

12 ba noppi takkal la jaarob bakkan ak
jaaroy nopp, solal la mbaxanam lingeer
mu yànj.
13 Nga takkoo wurus ak xaalis, sol
ndimol lẽe ak sooy ak ndimo yu yànj, di
lekk sunguf su mucc ayib ak lem ak diw.
Nga mujj taaroo taaru ba jot darajay
lingeer,
14 siiw ba xeet yépp xam la ndax taar bu
sotti ndax sama gànjar gu yànj gi ma la
takkal. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
15 «“Teewul nga gis sab taar, di gànctoo
sa bayre ngànctu gu ne xéew, ku romb yaa
moom.
16 Yaa tànn ci sa yére yu yànj, rafetale sa
jaamookaayi tuur, ba noppi di ca gànctu;
lu masula am te du amati mukk.
17 Yaa jël sa gànjari wurus ak xaalis yi
ma la jox, sàkk ca céri góor, di ca gànctu,
18 te yaa jël sa yére yu yànj, sànge say
tuur, sama diw ak sama cuuraay, nga
taajal leen.
19 Sama dugub ja ma la joxoon, sunguf
su mucc ayib saak diw gaak lem ja ma la
doon leele, lépp yaa leen ko taajal, defal
leen ko saraxu neexal bu xeeñ. Mu ngoog!
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
20 «“May wax, nga jël sa doom yu góor ak
yu jigéen yi nga ma jural, di leen sarxalal
say tuur, leele leen. Xanaa gànctu da laa
doyul?
21 Yaa rendil ay tuur samay doom, yoole
leen.
22 Ci biir mboolem sa jëf ju siblu jooju ak
sa gànctu, fàttalikuwoo benn yoon ba ngay
lu tuut, ne duŋŋ-duŋŋaaral, di wéqu,
sangoo sa deret.
23 «“Gannaaw sa mbon googu gépp nag,
wóoy, wóoy ngalla yaw! Kàddug Boroom bi
Aji Sax jee.
24 Tabaxal nga sa bopp ab néeg, sàkkal sa
bopp béreb bu kawe ci péncoo pénc.
25 Selebe yoon wu ne, tabax nga fa sa
jaamookaay, di fa gàcceel sab taar, ku
romb, nga ràccal ko say tànk ci sa gànctu gu
dul jeex.
26 Gànctu ngaak waa Misra, sa dëkkandoo
yu alde yi, di gënatee gànctu, di ma naqaral.
27 «“Booba nag laa la dóor sama loxo,
wàññi sa njël, wacce la sa coobarey noon
ya, janqi Filisti ya‡. Ñoom sax am nañu
kersa ci sa jëfinu yàqute gi.
28 Doyaloo, xanaa di gànctook waa
Asiri§. Gànctu ngaak ñoom te taxu laa
doyal ba tey.
29 Ngay gënatee gànctu, ba ca Babilon,
réewum jula ya, te loolu taxu laa doyal ba
tey.
30 «“Sama mer diis na gann ci sa kaw,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee, lii lépp di jëfi
gànc bu dëgër bët.
31 «“Tabax nga ab néeg selebe yoon wu
ne, sàkk sa jaamookaay péncoo pénc, te ab
gànc sax tane la, nde yaw laajoo ag pey.
32 Cim! Jigéenu njaalookat bi nga doon,
ay doxandéem sax gënal la sa jëkkër.
33 Mboolem caga yi dañuy feyeeku!
Waaye yaw yaay neexal sa far yépp, di
leen fey ñu jóge fu ne, di la tëdde.
34 Yaw kay sag ngànc bokkoo kook gànc
yi. Kenn sàkkuwu la. Yaw kay yaay feye,
kenn feyu la. Kon yaw meloo ni benn gànc!
35 «“Kon nag Yerusalem gànc bee, déglul
kàddug Aji Sax ji.
36 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Gannaaw yaa wasaare sa alal, ñoriku ne
duŋŋ, di gànctook sa far yii, muy sa
mboolem kasaray tuur, bay tuur sa deretu
doom yi nga leen rendil,
37 maa ngii nag di dajale mboolem sa far
yi la doon bége, ñi nga bëgg ñépp ak ñi nga
bañ ñépp. Maa leen di dajalee fu nekk ci sa
kaw, ba noppi ñori la nga def yaramu
neen, ñu gis la nga ne duŋŋ.
38 Maa lay àttee àtteb jigéeni njaalookat,
jigéeni tuurkati deretu nit. Maa lay xëpp
deretu xadar ak fiiraange.
39 Maa lay wacceek say far, ñu màbb say
néeg, tas say jaamookaay, futti la, nangu
sa gànjar gu yànj gépp, wacc nga def
yaramu neen, ne duŋŋ.
40 Dinañu sañaxal gàngoor ci sa kaw, ñu
ànd jóor lay doj, dogatee la seeni saamar.
41 Dinañu lakk say kër, teg la mbugal,
jigéen ñu bare di gis. Maay dakkal ngànctu

‡ **16.27 *janqi Filisti ya*** mooy dëkki Filisti yi gëna am solo, te nangu woon lenn ci suufas Yuda. § **16.28** Réew yu bare dañu doon lëkkoo ak réewum Asiri ca yooya jamono ndaxte ñoo ëppoon doole lu jiitu Babilon di sut ci réewi àddina.

gi nga nekke, te dootoo feyati aw far.
42 Maa lay xëpp sama sànj ba mu jeex,
bala ma laa moyale sama xadaru
fiiraange, doora dal, ba meddi.
43 «“Yaa fàttalikuwul ba ngay ndaw, yaa
def lii lépp ba merloo ma. Kon man it, sa
jëfin kat laa lay këpp ci bopp, feye la ko.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee. Du yaa
gànctu, dolli ci sa jépp jëf ju siblu?
44 «“Yaw Yerusalem, képp kuy léeboo
dina la léeboo ne la: ‘Ndey ja, doom ja!’
45 Yaa mat doom sa ndey ji sib jëkkëram
aki doomam. Yaa mat doomu ndey, sa
doomi ndey ya sib seen jëkkër ak seeni
doom, yaa donn sa ndey Etteen ba, donn
sa baay, Amoreen ba*.
46 Sa mag ju jigéen ji la féete càmmoñ di
Samari aki janqam, sa rakk ju jigéen ji la
féete ndijoor, di Sodom aki janqam†.
47 Yemuloo rekk ci roy seen jëfin ak seen
jëf ju siblu. Tuuti na! Yaa leen gëna yàqu ci
sa mboolem jëfin.
48 Yaw Yerusalem, giñ naa ko ci man
miy dund, kàddug Boroom bi Aji Sax jee, sa
rakk ju jigéen ja, Sodom, mooki janqam
defuñu li nga def yaw, yaak say janq.
49 Lii de, moo doon bàkkaaru Sodom, sa
rakk ja, mooki janqam: réy, fuqle, naagu,
ne finaax ak ñàkka dimbali ku ñàkk ak ku
néewle,
50 ba mujj reew bay def jëf ju siblu, may
gis. Looloo waral ma beddi leen nii, nga
gis.
51 Samari nag, sa genn-wàllu bàkkaar,
bàkkaaru ko. Yaa ëpp fopp sa doomi ndey
yii jëf ju siblu, te tax nga ñu far mel ni ñu
def njekk ndax mboolem jëf ju siblu joo
def.
52 Léegi nag gàddul sa toroxte gi nga
maye sa doomi ndey aw lay ndax jëf ju
siblu joo jëf, ba yées leen. Gën nañu la. Kon
nag séddool gàcce te gàlloo toroxte, nde tax
nga sa doomi ndey yi niru ñu def njekk.
53 «“Waaye maay tijji seen wërsëg; maay
tijji wërsëgu Sodom aki janqam, tijji
wërsëgu Samari aki janqam, yaw it ma
tijjiwaale sa wërsëg.
54 Su ko defee nga gàddu sa toroxte,
torox ci mboolem li nga def, ba ruccanti sa
doomi ndey yi.
55 Sa rakk yi, Sodom aki janqam dinañu
dellu na ñu nekke woon. Samari aki
janqam dellu na ñu nekke woon, yaw it
yaak say janq, ngeen dellu na ngeen
nekke woon.
56 Xanaa du ba nga bewee yaa saxaloon
ci saw làmmiñ kàddug baatal Sodom?
57 Booba sag mbon fàŋŋaaralagul. Léegi
tey janqi Edom ak mboolem ñi ko wër ñoo
lay sewal, janqi Filisti yi la séq it xeeb la.
58 Sag yàqute ak sa jëf ju siblu nag, yaa
koy gàddu. Kàddug Aji Sax jee.
59 «“Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax
ne: Ni nga def rekk ni laay def ak yaw mi
sofental kàddug ngiñ, fecci kóllëre.
60 Waaye man maay bàyyi xel sama
kóllëre gi ma fasoon ak yaw ba ngay ndaw.
Maa lay saxalal kóllëre guy wéy ba fàww.
61 Yaay fàttaliku say jëf, ba am kersa
keroog booy dalal sa doomi ndey yu jigéen
ñi la mag ak ñi la féete ndaw. Maa la leen
di may ñu nekk ay doom ci yaw, doonte
loolu bokkul ci sama kóllëreek yaw.
62 Maay saxal sama kóllëreek yaw, nga
xam ne maay Aji Sax ji.
63 Su ko defee nga fàttaliku démb, daldi
rus, torox ba ne xerem keroog ba ma lay
jéggal ci mboolem loo def. Kàddug Boroom
bi Aji Sax jee.”»

# 17

### *Fecci kóllëre, peyam du jaas*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
na ma, ne ma:
2 «Yaw nit ki, caxal waa kër Israayil aw
cax, ci biir léeb woo leen di léebal.
3 Ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Jaxaay* ju mag la woon, réyi laaf, guddi
dunq,
sëq lipp, yànj lool.
Mu dikk ba Libaŋ, jàpp ci collu genn
garabu seedar,
4 dagg car bu ndaw† ba ca gëna kawe,
yóbbu ba menn réewum jula,

* **16.45** Seetal ci aaya 3 (16.3). † **16.46** Janq jii mooy dëkk yu ndaw yi bootu ci Samari ak Sodom. * **17.3** ***jaxaay*** ji mooy Buuru Babilon, Nebukatnecar mi nangu woon Yerusalem. † **17.4** ***dagg car bu ndaw*** mooy ba ñu yóbboo Buur Yoyakin ngàllo ca Babilon.

jëmbat ko ca biir dëkkub jaaykat ya.
5 Mu sàkk ci jiwum réew mi‡,
def ko ci suuf su nangu,
dendale kook ndox mu ne xéew,
ni kuy jëmbat garabu sóol.
6 Mu jebbi, dig reseñ, gëna yaatu te gàtt
taxawaay.
Car ya ne coleet wuti jaxaay ja,
reen ya des ca suufam.
Mu di reseñ gu saxi car,
firiy bànqaas.

7 «"Jeneen jaxaay ju mag§ daldi ne jimeet,
réyi laaf, sëq lipp.
Reseñ ja jekkee jekki tàllal koy reenam,
di ŋaf-ŋafi, firiy bànqaasam, wuti ko,
ngir mu suuxat ko fa mu jëmbate woon.
8 Ci tool bu nangu bu feggook ndox mu ne
xéew la jëmbate woon,
ngir naat, meññ, ba doon reseñu ngëneel."

9 «Neel: "Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Mbaa jooju reseñ dina baaxle?
Mbaa jeneen jaxaay ja du buddiy reenam,
buur doom ya,
ba lu mu jebbile woon lax,
ba buddi reen ya du laaj doole bu réy,
mbaa nit ñu bare?
10 Ma nga noonu jëmbate, waaye mbaa
dina baaxle yee?
Mbaa ngelawal penku du ko laal rekk mu
lax a lax?
Mbaa du lax fa mu saxe?"»
11 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
12 «Waxal waa kër fippukat yi, ne leen:
"Xamuleen lu mbir yooyu di wund?" Ne
leen: "Mu ngoogu, buuru Babilon a dem
Yerusalem, jàpp buur baak kàngam ya, ànd
ak ñoom, yóbbu Babilon.
13 Moo tànn ku bokk ci askanu buur,
fasook moom kóllëre, giñloo ko ne dina ko
nangul, daldi yóbbu njiiti réew mi,
14 ngir nguurug Yerusalem suufe, baña
yékkatiku, di wéy di surgawu Babilon, ni ñu
fasoo woon ak ñoom kóllëre.
15 Ka bokk ci askanu buurub Israayil
nag fippu, yónni ay ndaw réewum Misra,
ngir ñu jox ko ay fas ak mbooloo mu
takku. Moo, ka def loolu ndax dina
baaxleem? Mbaa dina mucc? Nu mu cay
mucce te wor kóllëre ga mu fasoo woon?
16 «"Giñ naa ko ci man miy dund, kàddug
Boroom bi Aji Sax jee, ci biir réewum buur
boobu ko fal, te mu sàggane la mu ko
giñaloon, wor kóllëre ga mu fasante woon
ak moom, ci biir Babilon googu lay deewe.
17 Firawnaak mbooloom mu réy ak
gàngooram gu mag sax duñu ko mana
wallu ci xare, keroog bu ñuy yékkati ab
sëkk, tabax ab gawukaay ngir bóom ñu
bare.
18 Moo sàggane ngiñ, moo wor kóllëre ga
mu fasante woon. Mu ngoog, moo joxe
kàddoom, ba noppi walbatiku def lii lépp.
Du mucc mukk.
19 «"Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Giñ naa ko ci man miy dund,
maay këpp jëfam ci kaw boppam ndax
ngiñ li mu ma giñal la sofental, kóllëre gi
mu fasanteek man la wor.
20 Maa koy laaw sama mbaal, mu
lonkoo samab caax, ma yóbbu ko Babilon,
layoo faak moom ñàkke worma gi mu ma
ñàkke worma.
21 Mboolem ñay dawe ca gàngooram
yépp, saamar a leen di faat; ña cay rëcce,
fépp fu ngelaw jublu lañuy tasaarooji, ba
ngeen xam ne man Aji Sax ji maa wax.
22 «"Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Man ci sama bopp maay sàkke ab car
ca njobbaxtalu garabu seedar gu kawe ga,
sàkkal ko béreb.
Car yu ndaw ya ca kaw laay fàqe car bu
nooy,
jëmbatal ko sama bopp ci kaw tund wu
mag te kawe.
23 Ca kaw tundu Israayil wu mag wa laa
koy jëmbat,
mu sëq, meññal,
ba doon garabu seedar gu am daraja,
mboolem picc dëkke ko,
mboolem njanaaw màkkaanoo keram.
24 Garabi àll bi yépp dinañu xam,
ne man Aji Sax ji maay gàttal garab gu
gudd,
di guddal garab gu gàtt.
Maay wowal garab gu naat,

‡ **17.5 *jiwum réew mi*** mooy Cedesyas baayu Yoyakin bu ndaw. Buur Cedesyas la Nebukatnecar dénkoon nguurug Yuda. § **17.7 *jeneen jaxaay ju mag*** mooy Firawna buuru Misra.

di naatal garab gu wow.
Man Aji Sax ji maa wax, maay jëf.”»

# 18

*Jëf, jël*

1 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji dikkal
na ma ne ma:
2 «Ana lu waral waxin wii ngeen di waxe
fi Israayil naan:
“Baay lekk reseñ ju xaay,
mu uum gëñi doom ja”?
3 «Giñ naa ko ci man miy dund, kàddug
Boroom bi Aji Sax jee, dootuleen waxe
woowu waxin fi Israayil.
4 Mu ngoog, bépp bakkan maay Boroom.
Muy bakkanu baay, di bakkanu doom,
maa moom. Bakkan bi bàkkaar daal mooy
dee.
5 Su nit dee boroom njekk,
di jëfe yoon ak njub,
6 tund ya ca saraxi tuur ya, lekkewu ca,
kasaray tuuru waa kër Israayil, wékku cay
gëtam,
jabaru jàmbur, sobeelu ko,
jigéen ju gis baax, jegewu ko.
7 Du kenn ku mu néewal doole,
xanaa ab tayle, mu delloo ku ko ameel.
Alalu jàmbur it, foqatiwu ko,
xanaa ku xiif, mu leel,
ku rafle, mu wodd.
8 Aw ndollent taxu koo leble,
ab tegandaay, jëlu ko,
xanaa luy njubadi, mu moyu.
Àtteb dëgg, mu doxal diggante nit ak nit.
9 Sama dogali yoon, mu di ca doxe,
sama àttey yoon, muy jëfe worma.
Kooku boroom njekk la,
te mooy dund déy!
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

10 «Jii waay su juree doom ju néeg juy tuur
deretu jàmbur
mbaa muy def lenn ci yii,
11 te moom miy baayam jëfewu ci lenn,
tund ya ca saraxi tuur ya, doom ja di ca
lekki,
jabaru jàmbur, mu sobeel,
12 ku ñàkk ak ku néewle, mu néewal doole,
alalu jàmbur, mu foqati,
ab tayle, delloowu ko ku ko ameel,
xanaa kasaray tuur, mu wékki gët,
jëf ju siblu, mu jëfe,
13 leblee, mu yokk ndollent,
ab tegandaay, mu jël.
Moo, kii nu muy dunde?
Kii kay du dund!
Ak mboolem jëf ju siblu jii mu def,
dee rekk mooy àtteem.
Bakkanam lay gàddu.

14 «Waaye kooka nag su amee doom,
doom ja gis mboolem li baayam bàkkaar,
mu teg ci bëtam te taxul mu roy ko;
15 tund ya ca saraxi tuur ya, lekkewu ca,
ay gëtam, wékku ko kasaray tuuri waa kër
Israayil,
jabaru jàmbur, sobeelu ko.
16 Du kenn ku mu néewal doole,
ab tayle, jëlu ko, sàkkuwul ku ko tayle lenn,
alalu jàmbur, foqatiwu ko,
xanaa ku xiif, mu leel,
ku rafle, mu wodd.
17 Néew-ji-doole, loxoom dalu ko,
ndollent ak ab tegandaay, jëlu ko.
Sama àttey yoon lay jëfe,
sama dogali yoon lay doxe.
Kooku du dee ngir ñaawtéefu baayam.
Dina dund déy!
18 Baayam a jaay doole,
moo foqati alalu mbokk,
lu baaxul la def ci biiri bokkam.
Kon nag mooy dee ndax ñaawtéefu
boppam.
19 «Ngeen neeti: “Lu tax doom du gàddu
bàkkaaru baay?” Xanaa du yoon ak njub la
doom ji jëfe? Sama dogali yoon yépp, mu
di ko sàmm, di ko jëfe? Dina dund kay!
20 Ki bàkkaar daal mooy dee. Doom du
gàddu ñaawtéefu baay, baay it du gàddu
ñaawtéefu doom. Njub réerul boroom,
mbon réerul boroom.
21 «Waaye ku bon ki su dëddoo mboolem
moy yi mu moy, di sàmm sama mboolem
dogali yoon, di def dëgg ak njub, dina
dund moos te àtteb dee du ko topp!
22 Mboolem tooñam ya mu tooñoon,
deesu ko ko dencal. Njekk li mu jëfe moo
koy taxa dund.
23 Ana bànneex bu ma am ci deewug ku
bon? Xanaa bu dëddoo jikkoy mbonam, ba
dund! Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

[24] «Waaye su dee boroom njekk, ba noppi
dëddu njubte, di def njubadi, di roy
mboolem jëf ju siblu ju ku bon def, kooku
nu muy dunde? Mboolem njub gu mu
defoon, deesu ko ko dencal. Ag ñàkk
wormaam ak bàkkaaram moo koy taxa dee.
[25] «Yeen nag ngeen ne: “Ni Boroom biy
doxale du noonu!” Waa kër Israayiloo,
dégluleen! Sama doxalin a dul noonu, am
yeen seeni doxalin?
[26] Boroom njekk su dëddoo njekkam, di
def njubadi ba dee, njubadeem ga mu def
moo ko taxa dee.
[27] Waaye ku bon nag, su dëddoo
mbonam ga mu nekke, di jëfe yoon ak
njub, moom moo musal bakkanam.
[28] Ndegam moo xoolaat, ba dëddu
mboolem tooñam yu mu tooñ, dina dund
déy. Du dee moos.
[29] Moonte waa kër Israayil nee: “Ni
Boroom biy doxale du noonu.” Yeen waa
kër Israayil, samay doxalin a dul noonu
am yeen seeni doxalin?
[30] «Lii moo tax yeen waa kër Israayil, ma
di leen àtte, ku nekk ciy jëfam. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee. Dëppleen te dëddu
mboolem seeni tooñ, ngir seenu ay bañ
leena gàllankoor.
[31] Xalableen mboolem tooñ yi ngeen di
tooñ. Sàkkuleen xol bu yees ak xel mu yees.
Yeen waa kër Israayil, lu jar ngeen di dee?
[32] Man de, bëgguma kenn dee. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee. Dëppleen ba dund!»

# 19

## *Jooy garmiy Israayil war na*

[1] Aji Sax ji ne ma: «Yaw nag jooyal
garmiy Israayil.
[2] Neel:
“Céy sa ndey, ndaw gaynde, fi biir gaynde
yi!
Moo goor fi biir gaynde yu ndaw yi,
di fa yar ay doomam.
[3] Moo tàggat kenn ciy goneem*,
ba muy waxambaane gaynde,
mana pàdd pàddam,
di yàpp doom aadama.
[4] Ba ko xeet ya déggee, dañu koo fexeel,
mu sërëx ca seenum yeer,
ñu lonk, yóbbu réewum Misra.

[5] «“Ndey gaynde xaar a xaar,
ba gis ne yaakaar jee na,
mu jël keneen ciy goneem†,
def ko waxambaane gaynde.
[6] Mu ànd ak moroomi gayndeem,
màgg, mat,
ba mana pàdd am pàddam,
di yàpp doom aadama.
[7] Mu tëdde seeni jëtun,
gental seen dëkk yu mag,
réew maak la ca biiram tiit ca coowal
ŋaram.
[8] Teewul xeeti diiwaan ya ko séq ànd,
dal fa kawam,
laaw ko seenum caax,
sërxal ca seenum yeer.
[9] Ñu lonk, dugal cib kaaf,
yóbbul ko buuru Babilon,
tëj ko ca biir ab tata,
ba kenn déggatuli ŋaram fa kaw tundi
Israayil.

[10] «“Sa ndey a la niru, mel ni reseñ
gu ñu jëmbat fi wetu ndox,
meññ, sëq lipp, ndax ndox mu ne xéew.
[11] Mu am car yu dëgër yu man yeti nguur,
daldi màgg ba àkki niir ya,
ràññiku ci taxawaay ak sëqaay.
[12] Waaye am sànj a ko buddi, sànni fi suuf,
ngelawal penku wowal doom ya,
bànqaasam yu dëgër ya fàq, lax,
sawara xoyom ko.
[13] Tey mu ngi jëmbate fi màndiŋ mi,
ci réew mu wow, maral.
[14] Sawaraa tàkke fa bànqaasam,
xoyom njebbit ak meññeef.
Du car bu dëgër bu ca des
bu mana doon yetu nguur.”
Woyu dëj a ngii wu ñuy jooyeb dëj.»

# 20

## *Israayil wor, Aji Sax ji gore*

[1] Gannaaw ba loolu wéyee ca atum
juróom ñaareel ma, fukki fan ca juróomeelu

* **19.3** Wax ji ci Buur Yowaxas la jëm. Seetal ci *2.Buur ya* 23.31-34. † **19.5** Wax ji ci Buur Cedesyas la jëm. Seetal ci *2.Buur ya* 24.18-20; 25.1-7. * **20.1** Mu yemook fukki weer ak benn gannaaw peeñu ma jiitu mii. Seetal ci 8.1.

weer wa*, ay nit ñu bokk ci magi Israayil
ñoo dikk fi man, di leerlu ci Aji Sax ji. Ñu
toog fi sama kanam.
2 Kàddug Aji Sax ji nag dikkal ma ne ma:
3 «Yaw nit ki, nanga wax ak magi
Israayil, ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji
dafa wax ne: Ndax leerlu ci man moo leen
indi? Giñ naa ko ci man miy dund, du maa
leen di won li ngeen di leerlu. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee.”
4 Yaw nit ki, tiiñal leen, tiiñal leen kat,
seen jëfu maam ju siblu ji, xamal leen ko.
5 «Nanga leen wax, ne leen: “Boroom bi
Aji Sax ji dafa wax ne: Ba ma tànnee
Israayil, maa giñal askanu waa kër
Yanqóoba woowa. Maa leen xamal maay
kan ca réewum Misra, giñal leen, ne leen:
Man Aji Sax ji maay seen Yàlla.
6 Bésub keroog laa leen giñal ne maa
leen di génnee réewum Misra, yóbbu leen
réew mu ma leen beral, muy réew mu
meew maak lem ja tuuroo, di réew ma
gëna taaru ci réew yépp.”
7 Ma ne leen: “Tuur yi ngeen wékki gët
yeen ñépp, ngeen xalab leen. Kasaray
tuuri Misra, buleen ci sobeel seen bopp.
Man Aji Sax ji maay seen Yàlla.”
8 Teewul ñu gàntal ma, nanguwuñu maa
déglu. Kenn nanguwula xalab tuur yu
seexluwu yi mu wékki gët, kenn dëdduwul
kasaray tuuri Misra. Ma nar leena xëpp
sama sànj, ŋaccal leen sama mer ci biir
réewum Misra.
9 Teewul ma sédd ci sama teddaayu tur,
ngir xeet yi ñu nekk ci seen biir bañ maa
sikk. Ndax ba may xamal bànni Israayil
sama bopp, di leen génne Misra, xeet
yooyaa ko seede woon.
10 Ma génne leen réewum Misra, yóbbu
leen ca màndiŋ ma.
11 Ma jox leen sama dogali yoon, xamal
leen sama àttey yoon yooyuy guddal fanu
képp ku koy jëfe.
12 Sama bési Noflaay itam maa leen ko
jox, muy ab màndarga sama digganteek
ñoom, ngir ñu xam ne man Aji Sax ji maa
leen sellal.
13 «Waaye waa kër Israayil dañu maa
gàntal ca màndiŋ ma. Sama dogali yoon,
jëfewuñu ko, sama àttey yoon yiy guddal
fanu képp ku koy jëfe, ñu xalab. Ñàkke
nañu worma lool sama bési Noflaay. Ma
nar leena xëpp sama sànj ca màndiŋ ma,
sànk leen.
14 Teewul ma seet ci sama teddaayu tur,
ngir xeet ya seede woon ba ma leen di
génne, ñooñu bañ maa sikk.
15 Ba tey maa leen giñal ca màndiŋ ma,
ne duma leen yóbbu réew ma ma leen jox,
fa meew maak lem ja tuuroo, fa gëna
taaru ci réew yépp.
16 Li ko waral mooy sama àttey yoon yi
ñu xalab, ak sama dogali yoon yi ñu
jëfewul, ak sama bési Noflaay yi ñu ñàkke
worma, ndax xol lañu toppe seen kasaray
tuur yi.
17 Teewul ma xool leen bëtu ñeewante ba
sànkuma leen, faagaagaluma leen ca
màndiŋ ma.
18 Ma wax nag seeni doom ca màndiŋ
ma ne leen: “Seen dogali baay, buleen ko
jëfe; seen àttey yoon, buleen ko topp; seen
kasaray tuur, buleen ca sobeel seen bopp.
19 Man Aji Sax ji maay seen Yàlla. Sama
dogali yoon, jëfeleen ko; sama àttey yoon,
ngeen sàmm ko, di ko jëfe.
20 Sama bési Noflaay, sellalleen ko, muy
ab firnde sama digganteek yeen, ngir
ngeen ràññee ne man maay seen Yàlla Aji
Sax ji.”
21 «Waaye doom ya dañu maa gàntal.
Sama dogali yoon, jëfewuñu ko; sama àttey
yoon, sàmmuñu ko, te doxe yoon yooyu
mooy taxa dund. Sama bési Noflaay lañu
ñàkke worma. Ma nar leena xëpp sama
sànj, ŋaccal leen sama mer ca màndiŋ ma.
22 Teewul ma téye sama loxo, seet ci
sama teddaayu tur ngir xeet ya seede
woon ba ma leen di génne, ñooñu bañ maa
sikk.
23 Ba tey maa leen giñal ca màndiŋ ma
ne dinaa leen tasaare ci biir xeet yi,
wasaare leen ci biir réew yi.
24 Li ko waral mooy sama àttey yoon yi
ñu jëfewul, ak sama dogali yoon yi ñu
xalab, ak sama bési Noflaay yi ñu ñàkke
worma, ak topp gi ñu topp seen kasaray
tuuri baay, wékk leeni gët.
25 Ba tey maa leen bërgël ak àttey yoon
yu amul njariñ ak dogali yoon yu taxul
kenn a dund.

26 Maa leen sobeel ak seen sarax yi ñuy
sarxal tuur yi, ci seen bépp taaw bu ñu
lakk ngir tuur yi. Li ma ci jublu mooy ñu
jommi, ba ràññee ne man maay Aji Sax ji.
27 «Moo tax, yaw nit ki, nanga wax ak
waa kër Israayil, ne leen: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne: Seeni baay a ma dellu
ŋàññ, fecci sama kóllëre.
28 Maa leen yóbbu réew ma ma giñoon ne
dinaa leen ko jox, teewul fu ñu gis tund
wu kawe, mbaa garab gu sëq, rendi nañu
fa seeni sarax, génne fa seen sarax yi may
merloo, taal fa seen saraxi cuuraay, tuural
fa seeni tuur.
29 Ma ne leen: Ana lu waral bérebu
jaamookaay bii ngeen di dem?” Bérebu
jaamookaay lañu koy wax ba tey jii.
30 «Kon nag nanga wax ak waa kër
Israayil ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Seen tànki baay ngeen topp, di
sobeel seen bopp, topp seen tuur yu siblu,
di gànctook ñoom?
31 Bu ngeen di joxe ay sarax, di lakk
seeni doom ngir ay tuur, yeena ngi sobeel
seen bopp ba tey jii ci seen tuur yii yépp.
Man nag ngeen defe ne maa leen di bàyyi,
ngeen leerlusi fi man, yeen waa kër
Israayil? Giñ naa ko ci man miy dund,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee, duma leen
bàyyi mukk ngeen di leerlu fi man.
32 Li ngeen mébét ci seen xel du am
mukk. Yeena ngi naan: ‘Nan mel ni xeet
yépp, mel ni waasoy réew yi, di jaamu bant
ak doj.’
33 Giñ naa ko ci man miy dund, kàddug
Boroom bi Aji Sax jee, sama dooley loxo
ak sama kàttanu përëg, ak sànj mu naan
soteet laay nguuroo ci seen kaw.
34 Maa leen di génnee ci askan yeek réew
yi ngeen tasaaroo ci seen biir. Sama
dooley loxo laa koy defe ak sama kàttanu
përëg, ak sànj mu naan soteet fi seen kaw.
35 Maa leen di yóbbu màndiŋ ma ñuy
woowe màndiŋ mu askan yu bare séq,
layoo faak yeen, ma ne leen jàkk, ngeen ne
ma jàkk.
36 Noonee ma layoo woon ak seeni
maam ca màndiŋu réewum Misra, ni laay
layook yeen. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
37 Maa leen di lime sama yetu sàmm,
kenn-kenn, tënk leen ci pas-pasu kóllëre gi.
38 Maay dagge fi seen biir sànni ñi may
gàntal ak ñi may tooñ. Réew ya ñu
wàlliyaani, fa laa leen di jële, te réewum
Israayil, duñu fa duggi. Su boobaa ngeen
xam ne maay Aji Sax ji.
39 «“Léegi nag yeen waa kër Israayil,
Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Aca, na
ku ne jaamuji kasaray tuuram! Dungeen
mujje lu moy déggal ma, ba sama tur wu
sell wi, dootuleen ko teddadile seeni sarax
ak seeni tuur.
40 Fa kaw sama tund wu sell wa, fa
tundu Israayil wu kawe wa, foofa déy la
ma waa kër Israayil gépp di jaamujee,
ñoom ñépp ca réew ma. Kàddug Boroom bi
Aji Sax jee. Fa laa leen di nangule. Fa laay
sàkkoo seeni saraxi njébbal ak seen ngëneeli
sarax, ak lépp lu ngeen ma sellalal.
41 Maa leen di nangu ni xet gu neex gu
jóge ci sarax, gannaaw bu ma leen génnee
fa biir xeet yaak réew ya ngeen tasaaroo
ca seen biir, ba dajale leen. Su boobaa
maay fésal sama sellaay fi seen biir, xeet yi
seede.
42 Dingeen xam ne maay Aji Sax ji,
gannaaw bu ma leen delloosee ci biir
suufas Israayil, réew ma ma giñaloon seeni
maam, ne dinaa leen ko jox.
43 Fa ngeen di fàttalikoo seeni jëfin,
mboolem seeni jëf yu ngeen sobeele woon
seen bopp, daldi jéppi seen bopp ndax
seen mboolem jëf ju bon.
44 Yeen waa kër Israayil, duma jëflanteek
yeen li seen jikko ju bon yelloo ak seen jëfi
yàqute, waaye sama teddaayu tur laa ciy
seet, ba ngeen xam ne man maay Aji Sax
ji. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.”»

# 21

## *Woyu saamar jib na*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, neel jàkk yoonu ndijoor,
sànni kàddu jëme ci diiwaanu bëj-saalum
boobu, jottali kàdduy waxyu jëme ci gottub
Negew boobu*.
3 Nanga wax gottub diiwaanu Negew,
ne ko: “Déglul kàddug Aji Sax ji. Boroom bi

* **21.2** Kàdduy waxyu yii ñu ngi jëm ci wàllu Yuda gi féete bëj-saalum.

Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di jafal ci
sa biir, daay guy xoyom sa garab yépp gu
naat ak gu wow. Dara du ko mana fey.
Daay ga day jóge bëj-saalum ba bëj-gànnaar
te ñépp a cay lakk,
4 ba mboolem kuy dund xam ne man Aji
Sax ji maa ko taal te du fey.”»
5 Ma ne ko: «Éey Boroom bi Aji Sax ji, ñii
déy a ngi wax ci man, naan: “Kii moom
xanaa day léeb aka léebaat rekk?”»
6 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
7 «Yaw nit ki, jàkkaarlool ak Yerusalem,
nga sànni kàddu béreb yu sell yi te nga
jottali kàdduy waxyu ci kaw réewum
Israayil.
8 Waxal réewum Israayil ne ko: “Aji Sax ji
dafa wax ne: Maa ngi nii fi sa kaw. Maay
boccee sama saamar ci mbaram, daldi
dagge fi yaw ku jub ak ku bon.
9 Dagge fi yaw ku jub ak ku bon moo
may taxa boccee sama saamar ci mbaram,
dal ci mboolem kuy dund, bëj-saalum ba
bëj-gànnaar,
10 ba képp kuy dund xam ne man Aji Sax
ji maa bocci sama saamar, te du dellu ci
mbaram.”
11 Yaw nit ki, binnil, neel yàcc, di binnee
naqar, ñuy gis.
12 Dees na la laaj ne la: “Looy binni?”
Nga ne leen: “Xanaa mbir mi ma dégg. Bu
agsee fit yépp ay rëcc, loxo yépp nasax, xol
yépp jeex, óom yépp di fenqoo. Mu
ngooguy dikk te dina am. Kàddug Boroom
bi Aji Sax jee.”»
13 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
14 «Yaw nit ki, jottalil kàdduy waxyu, nga
ne: “Boroom bi dafa wax ne:
Saamar a ngoog,
saamar bu ñu xacc, jonj ko!
15 Dees koo jonj ngir bóome,
jonj koo jonj ba muy tàkk.
Ana nu nu mana bégee nii?
Ngeen ne Aji Sax ji nee: ‘Yetu nguurug
Yuda sama doom a ngi fi.’
Waaye saamar bi faalewul benn bant!
16 Santaane nañu ñu jonj saamar bi,
ba loxo man koo téye,
ñu xacc ko, jonj ko,
nar koo teg ci loxol bóomkat.
17 Yaw nit ki, yuuxul, jooyal,
saamar bi dikkal na sama ñoñ,
dikkal mboolem kàngami Israayil,
boole leen ak sama ñoñ, jalax ci kaw
saamar.
Kon nag, màttul, wiccax!
18 Nattu bi metti na!
Yetu nguur wi saamar bi xeeb, bu demee,
ana luy xew?
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.”

19 «Yaw nit ki, jottalil kàdduy waxyu,
ŋëbal bii loxo, dóor ca bee.
Na saamar bi dal benn yoon, ñaari yoon,
ba ñett,
saamaru dee la, saamar baay bóom ñu
bare,
gaw leen,
20 yóbbuw fit, tërëfloo ñu bare.
Seen buntoo bunt laa teg saamaru
bóomkat.
Ndeysaan, ab saamar a ngii bu ñu defar
ba muy tàkk,
xacc ko ngir bóome.
21 Saamar, ñaweel sa ndijoor,
walbatiku, jëm càmmoñ,
ak foo mana jublu,
22 man it ma ŋëb bii loxo, dóor ca bee,
ba giifal sama xadar.
Man Aji Sax ji maa ko wax.»
23 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
24 «Yaw nag nit ki, sàkkal ñaari yoon yu
saamaru buuru Babilon di jaare dikk;
ñaari yoon yuy bàyyikoo ci mennum réew.
Tegal fa buntu yoon wu ci nekk màndarga
muy tegtale dëkk ba yoon wa jëm;
25 wenn yoon wa saamaru Babilon war
fa aw ba àkki Raba, dëkkub Amoneen ñi;
weneen yoon wa ca des saamar ba aw fa
ba àkki Yerusalem, dëkk ba ñu dàbbali, ca
Yuda.
26 Buuru Babilon a ngay taxaw ca selebe
yoon wa, fa ñaari yoon ya séddalikoo, ngir
gisaane. Dina yëngal fitti seetukaay yi,
xool ci terafim yi, di jumtukaay yi ñuy
gisaanee, ak ci resu jur.
27 Fitt giy misaal Yerusalem ci
ndijooram lay wadd. Mu samp dàjjikaayi
dénk yi, daldi yéene ndigalu bóome, xaacu,
daldi sës dàjjikaay yi ci bunt yi, yékkati sëkk
yi, ngir taxawal ab gawukaay.

28 Waa Yerusalem foog ne ngisaane
googu misaal seen jéll, caaxaan la, ndax
ngiñ moo lal seen kaaraange, ba du deñ.
Waaye buuru Babilon a leen di fàttali
seenug tooñ, ba jàpp leen njaam.
29 «Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Gannaaw yeena fàttaliku seen
ñaawtéef, seeni tooñ ne fàŋŋ, seeni bàkkaar
fés ci seen jëf jépp, gannaaw yeena ñaaw
ñaawtéef gu ñu leen di fàttalikoo, dees na
leen jàpp.

30 «Waaye yaw garmib Israayil bu sobewu
bu bon bi,
sa bés dikk na, sa àppu mbugal mat na†.
31 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Dindil kaala gi, foq mbaxanam buur mii;
la woon wonni na,
ku noon dett jóg, ku jóg, detteelu.
32 Tasaaroo, tasar, maa ko naa tasar!
Lépp ay wonni,
ba keroog boroom àtte bi dikk, ma jox ko
ko.
33 «Yaw nag nit ki, jottalil kàdduy waxyu,
nga ne: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ci
mbirum Amoneen ñeek seeni saaga ne:
Saamaroo saamar,
bocciku, nara bóome,
xacce ba mana yàppe,
di tàkk ni melax.
34 Gisal nañu leen peeñuy caaxaan,
gisaaneel leeni fen.
Teewul saamar ba di tege ca ndoddi
ñu bon ñi ñu nara bóom,
seen bés taxaw,
seen mujjantalu mbugal teew.

35 «“Léegi dellooleen saamar ci mbaram.
Yaw saamar, fa ñu la sàkke woon,
ca réew ma nga cosaanoo, fa laa lay àttee.
36 Maa lay xëpp sama sànj,
wal sama sawaras xadar fi sa kaw,
jébbal la nit ñu néeg,
ñu xareñ ci sànke.
37 Yaay doon mattum sawara wa,
sa deretu boroom ne xéew fi digg réew mi,
ba deesatu la fàttaliku.
Man Aji Sax ji maa ko wax!”»

# 22

### *Yerusalem def nay tojaange*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, doo tiiñal ñii? Doo tiiñal
waa dëkku tuurkati deret yii? Xamal leen
seen jëf ju siblu jépp.
3 Ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: Ab dëkk a ngii buy tuur deret fi biiram,
ba tax bésam di jubsi. Mu ngi sàkk ay
kasaray tuur, di sobeel boppam.
4 Yaw dëkk bii, gàddu nga bàkkaar ndax
deret ji nga tuur, sobeel nga sa bopp ndax
kasaray tuur yi nga sàkk. Kon gàttal nga
saw fan, agsi nga ci sa àppu at. Moo tax
maa lay def ba xeet yépp di la sewal, réew
yépp di la kókkali.
5 Dëkk bu yàqu bi nga doon, ku jegeek ku
soree lay kókkali. Boroom der bu yàqu bi,
sa lépp a salfaañoo!
6 Kàngami Israayil a ngii fi ca biir dëkk bi,
di jaay doole bay tuur deret.
7 Ndey ak baay, ñu tuutal fi biir dëkk bi;
doxandéem bi, ñu lekk àqam ci dëkk bi;
jirim akub jëtun, ñu néewal doole ci dëkk bi.
8 Sama mbir yu sell, nga sàggane, sama
bési Noflaay, nga ñàkke worma.
9 Ay soskat a ngi ci dëkk bi, di lor ay
bakkan. Kaw tund yi lañuy lekke ñam wu
ñu sarxeel ay tuur ci dëkk bi, tey def jëfi
yàqute ci dëkk bi.
10 Baay la doom di toroxal, di tëdde
yaayam, ku gis baax, ñu tëdde ci dëkk bi.
11 Kii ak jabaru jàmbur ci jëf ju siblu, kee
sobeel jabari doomam ci biir yàqute, kale
di tëdde rakki doomu baayam ci dëkk bi.
12 Alalu ger, ñu jël ci dëkk bi, ngir lor ay
bakkan. Ndollent ci kaw tegandaay, nga
jël feyeekoo bor, di wute alal sa àqu
moroom. Man nag, nga fàtte ma. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee.
13 «“Maa ngii nag di fenqe samay loxo,
di ko mititloo alal ju lewul ji nga dajale, ak
sa dereti nit ji ñu tuur ci dëkk bi.
14 Mbaa keroog bés ya may jëflanteek
yaw, dinga am fit ak doole joo ko dékkoo?
Man Aji Sax ji maay wax, jëfe ko.
15 Maa lay tasaare fi biir xeet yi, wasaare
la fi réew yi, ba tàggale laak sa sobe.

† **21.30** Buur Cedesyas lañuy wax fii. Cedesyas mooy buur bi mujj ci askanu Daawuda. Seetal ci *2.Buur ya* 25.4-7.

16 Dinga sobeel sa bopp, xeet yiy gis, ba
nga xam ne maay Aji Sax ji.”»

17 Ba loolu wéyee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
18 «Yaw nit ki, waa kër Israayil mbuubitu
weñ gu raxe lañu ci man léegi. Ñoom ñépp
duñu lenn lu moy xànjar ak weñ gu weex
ak gu ñuul ak betteex ci biir taalub tëgg.
Mbuubitu xaalis rekk lañu.
19 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: “Gannaaw doon ngeen yeen ñépp
mbuubitu weñ, maa ngii nag di leen
dajale fi digg Yerusalem.
20 Ni ñuy boolee xaalis ak xànjar ak weñ
gu ñuul ak betteex ak weñ gu weex ci biir
ab taal, xamb sawara wa ngir seeyal ko, ni
laa leen di boolee ci sama biir mer ak
sama xadar, jóor leen, seeyal leen.
21 Maa leen di saam fi digg Yerusalem,
jafale leen sama tàngooru xadar, ba ngeen
seey ca biir.
22 Ni xaalis di seeye ci biir taal, ni ngeen
di seeye ca biir. Su boobaa ngeen xam ne
man Aji Sax ji maa leen xëpp sama
xadar.”»

23 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal na ma ne ma:
24 «Yaw nit ki, waxal Yerusalem ne ko:
“Yaa di suuf su ñu dindiwul sobeem, te
tawluwul keroog bésub sànj ma.”
25 Ay yonentam a ngi déeyoo fi biiram;
ñu ngi xiiru ni gaynde guy xotat pàddam,
di lekk doom aadama yi, foqati alal ak
gànjar, ful jëtun yi ci biiram.
26 Ay sarxalkatam xëtt nañu sama yoon,
teddadil nañu sama yëf yu sell. Lu sell ak
lu sellul, ràññeewuñu ko; lu set ak lu
sobewu, xamlewuñu ko; sama bési
Noflaay, ñu jéllale ko, ba ma mujj teddadi fi
seen biir.
27 Kàngamam yi ci biiram a ngi mel ni
saafàndu yuy dogat am pàdd, tuur deret ja,
di sànk ay bakkan ngir nangu alali
boroom.
28 Ay yonentam di leen diwal lu weex
maanaam fénanti ngir nëbb jëf yooyu yépp,
ci peeñuy caaxaan ak ngisaaney fen, naan:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne,” te Aji
Sax ji waxul.
29 Waa réew maa ngi lekk àq, di sàcc.
Baadoolo yeek walaakaana yi, ñu néewal
leen doole; doxandéem bi, ñu noot, xañ ko
àqam.
30 Ma seet ci seen biir kuy defaraat tata
ji, janook man ci bëttukaay bi, ngir taxawal
réew mi, ba duma tas réew mi, waaye
gisuma kenn.
31 Ma daldi leen xëpp sama sànj, dóomal
leen sama tàngooru xadar, këpp leen seen
añu jëf ci seen kaw bopp. Kàddug Boroom
bi Aji Sax jee.»

# 23

*Samari ak Yerusalem bokkaale nañu*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, ñaari jigéen la woon,
ñu bokk jenn ndey,
3 di gànctu ca Misra,
te doon fa gànctu ca seenug ndaw.
Fa lañu doon làmbe seeni ween,
di motoxal seen cusi janq.
4 Ku mag kaa doon Owola,
rakk ja di Owoliba.
Ñu di samay soxna,
jural may doom, góor ak jigéen.
Owola mooy Samari,
Owoliba di Yerusalem.
5 Owola di sama soxna tey gànctu,
di xédd ay faram, di waa Asiri xarekat ya.
6 Ña nga sol seen mbubbi baxa,
diy kàngam aki jawriñ,
ñoom ñépp di xale yu góor yu sopplu,
di ndaanaani gawar.
7 Boppam la daan jox tànnéefi doomi Asiri
yooyu yépp,
di sobeel boppam ak mboolem tuuri
ñooñu mu xédd.
8 Gànctoom ga woon ca Misra, bawu ko.
Moom lañu daan tëdde cag ndawam,
te ñoo daa motoxal cusi janqam,
ba sotti ko seen yàqute.
9 Moo tax ma teg ko ca loxoy faram ya,
loxoy waa Asiri ya mu daan xédd.
10 Ñoo ko ñori ba mu ne duŋŋ,
doomam yu góor ak yu jigéen, ñu nangu,
moom, ñu jam ko saamar, rey ko.
Nii lañu sottale ay mbugalam,
ba mu yedd jigéen ñépp.

11 «Owoliba rakk ja gis ca
te gëna yàqu magam,

di gànctu ba raw mag ja.
12 Moom it waa Asiri ya la xédd,
ñuy kàngam aki jawriñ,
xarekat yu ràngu ba solu ba jekk, di
ndaanaani gawar,
ñoom ñépp di xale yu góor yu sopplu.
13 Ma gis ni mu sobeele boppam,
muy wenn yoon wu ñu bokk ñoom ñaar.
14 Teewul rakk ja gëna gànctooti,
gis nataali góor yu ñu yatt ciy tabax,
di jëmmi waa Babilon yu ca ñaase, xonq
curr.
15 Ña nga takk ngañaay ca seen ndigg,
tañlaayu bay langal,
ñoom ñépp di nirooki kàngam,
di saf doomi Babilon,
réewum Kalde di seen cosaan.
16 Rakk ja teg nataal ya bët rekk, xédd leen,
yónnee leeni ndaw fa Kalde.
17 Doomi Babilon ya dikk,
fekksi ko ci kaw lalu baane,
sobeel kook seen yàqute,
mu sobeel boppam ak ñoom ba ñu sàppi ko.
18 Moo siiwal gànctoom,
wone yaramu neenam,
ba sàppi ma ni ma magam sàppee.
19 Mu gën di gànctooti,
di ko baaxantale janti ndawam,
ba muy gànctu ca réewum Misra.
20 Muy xédd ay faram yu seeni ngóora di
saf yu mbaam,
te ñu aldee alde ba mel niy fas.

21 «Yaw Owoliba de, yaa namm sa yàqute
ga woon ba ngay ndaw,
ba waa Misra di motoxal say cus,
ngir bànneexoo sa weeni janq.
22 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
“Yaw Owoliba, maa ngii di xabtalsi say far
ci sa kaw;
ñi la sàppi, ñoom laay bàbbee fi la wër,
xiirtal leen fi sa kaw:
23 waa Babilon, Kaldeen ñépp,
muy waa Pekodd, di waa Sowa, di waa
Kowa,
ànd ak waa Asiri yépp,
di xale yu góor yu sopplu,
ñoom ñépp diy kàngam aki jawriñ,
di kilifa yu ràññiku,
ñoom ñépp war ay fas.
24 Dañuy dal fi sa kaw aki gànnaay, watiir
aki mbege ak kuréelu xeeti xeet,
ŋàbb pakk bu mag ak bu ndaw, sol
mbaxanam xare,
dar kepp la.
Maa leen di jox sañ-sañu mbugal,
ñu mbugal la, ni ñu baaxoo mbugale.
25 Maa lay yen sama fiiraange,
te yaw lañuy jëflanteel ak xadar,
sa bakkan ak say nopp, ñu njoof,
saw ndes saamar faat ko.
Say doom, góor ak jigéen, ñu nangu,
sa kuutaay lakk ba xoyomu.
26 Dañuy futti say yére, foqati say gànjar.
27 Maay dakkal sa jëfi yàqute,
ak sa gànctu ga dale ca réewum Misra,
ba dootoo ko geesoo gëti nammeel,
te dootoo fàttaliku Misra.
28 Boroom bi Aji Sax ji kat dafa wax ne:
Maa ngii di la teg ci loxol ñi nga bañ,
loxol ñi la sàppi.
29 Mbañeel lañuy jëfeek yaw,
foqati ñaqoo ñaq,
wacc la, nga ne duŋŋ duŋŋaaral.
Sa gànctu gu ñàkk kersa dina feeñ,
ak dëgër bët gi ngay cagatoo.
30 Ñoo lay def jii jëf
ndax sa gànctu gi nga toppe yéefar yi,
di sobeel sa bopp ak seen kasaray tuur.
31 Yaa topp sa tànki mag,
kon maa lay nàndale kaasu mbugalam.
32 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Sa kaasu mag ngay naane,
xóot, yaatu,
duy ba ne xéew,
xellil la ay ñaawleeki kekku.
33 Mànditeeku tiis ngay feesi,
kaasu wéetaay ak wéetle di sa kaasu mag
Samari.
34 Yaa koy naan ba siitaatu ko,
yéy tojit ya, xotate say ween.
Man de maa ko wax.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

35 «“Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Yaa ma fàtte,
jalax ma ca sa gannaaw.
Kon nag gàddul sa ayu ñàkk gàcceek sa
gànctu.”»

36 Aji Sax ji nag ne ma:
«Yaw nit ki, xanaa doo tiiñal Owola ak Owoliba?
Kon nag biral leen seeni jëf ju siblu:
37 Ñoo njaaloo, ñoo bóome,
ñoo njaalook seen kasaray tuur.
Doyatu leen, doom yu góor yi ñu ma jural,
ñu di leen lakk ngir ay tuur, leele leen.
38 Lii itam, ñoo ma ko def:
Bésub keroog lañu sobeel sama kër gu sell,
ñàkke worma sama bési Noflaay.
39 Ñoo rendil seen kasaray tuur seeni doom,
ba noppi dugg ci sama biir kër gu sell ci bés bi,
ba teddadil kër gi.
Loolu déy, moom lañu def fi sama digg kër gii!
40 Te sax ñoo yeble, wutiy góor,
yónnee ndaw lu leen jële fu sore,
ñu daw dikk,
fekk leen sangu, tusngalu, gànjaru,
41 toog ci lal bu yànj,
taabal taaje fa kanam,
sama cuuraay ak sama diw gu xeeñ tege ca.
42 Muy coowal gàngoor gu amul xalaatu àddina;
doom aadama ju nekk a nga ca,
ba ci ay màndikat yu ñu jële ca màndiŋ ma,
ñooña di leen takkal lami loxo,
di leen solal mbaxanam lingeer.
43 Booba laa wax ci ndaw sii njaaloo ba ràpp, ne:
“Ndax ndaw sii lañuy gànctool ba tey?”
44 Mu daldi ànd ak moom ni ñuy àndeek caga rekk.
Nii lañu àndeek Owola ak Owoliba.
Ñii jigéen ñu ñàkk gàcce!
45 Waaye ay nit ñu jub a ngii,
ñoo leen di àtteji àtteb njaalookat yu jigéen,
àtteb bóomkat yu jigéen,
nde ay njaalookat lañu, te ay bóomkat lañu.

46 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Wool gàngoor ci seen kaw,
bàyyee leen tiitaange aki sëxëtookat.
47 Gàngoor gaa leen di dóor ay doj,
jam leeni saamar, ñu dee,
seeni doom, góor ak jigéen, ñu bóom;
seeni kër, ñu taal,
48 ma dakkale noonu yàqute ci réew mi,
jigéen ñépp jànge ca,
baña jëfeeti yàqute gu mel ni seen gos.
49 Dees na leen këpp seen yàqute,
ngeen yenu seen bàkkaari kasaray tuur,
ba xam ne man maay Boroom bi Aji Sax ji.»

# 24

*Mbugalu Yerusalem, misaal maa ngii*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ca
juróom ñeenteelu at ma, fukki fan ca
fukkeelu weer wa. Mu ne ma:
2 «Yaw nit ki, bindal bés bii, bés bii ci
boppam, ndax buuru Babilon gaw na
Yerusalem bés niki tey.
3 Léebalal kërug fippukat yi aw léeb, ne
leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Taalal, teg cin li, teg ko, sotti ci ndox.
4 Booleel dogi yàpp yi, def ci:
dog yu baax yépp, fàllare jeek tànku kanam bi,
te feccalee ko cér ya gëna baax.
5 Li gën ci gétt gi ngay sàkk,
nga jal matt ci suufu cin li,
xamb, baxal a baxal, ba baxalaale yax yi.”»
6 Boroom bi Aji Sax ji kat dafa wax ne:
«Wóoy ngalla bii dëkku tuurkatu deret!
Mooy cin lu teg àkki xëmit,
cin lu dul tàggook xëmit.
Benn-benn ngay seppi dogi yàpp wi,
te bul tegoo bant la ngay seppi.
7 Deret ji mu tuur a ngi ci biiram ba tey;
doj wu amul dara la ko sotti,
sottiwu ko ci suuf, fu muy suuloo.
8 Man maay wacc deret ja ca doj wa amul dara,
fa mu naan fàŋŋ, du suulu,
ngir mu doon sànj muy wàcce mbugal.»
9 Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Wóoy ngalla bii dëkku bóomkat!
Man it dinaa yokk jalu matt mi.
10 Jalal a jal matt mi, xamb taal bi.
Baxalal yàpp wi bu baax, ŋeeral,
ba yax yi far xëm.
11 Boo noppee tegal cin li deful dara ci xal yi,
mu tàng ba xànjar bi xonq curr,
tilim ja seey ca biir,

xëmit ja xoyomu.
12 Coonoy neen, xëmit ja ne xéew du deñ,
sawara sax dindiwu ko.
13 Sa sobeey sa yàqute!
Maa la setal te taxu laa set.
Dootuloo tàggook sa sobe,
ba keroog may giifal sama xadar fi sa kaw.
14 Man Aji Sax ji maa wax,
mu dikk, ma jëfe ko.
Duma bàyyi, duma ñéeblu, duma yërëm;
say jikko ak say jëf lees lay àttee.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»

## *Soxnas Esekiyel faatu na*

15 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal na ma ne ma:
16 «Yaw nit ki, maa ngii di nangusi sa
bànneexu bët cim pàdd. Bul yuuxu, bul
jooy, bu sa rongooñ wadd.
17 Binnil ndànk te bul ñaawlu. Bul tàggook
sa kaala, bul tàggook say carax, bul muur
sa tuñum kaw ba ci sikkim di ko ñaawloo.
Bul lekk ñam wu jóge ci njaal mi*.»
18 Wax naak mbooloo mi ci suba. Ci
ngoon si, sama soxna dee. Bët set ma def li
ñu ma sant.
19 Mbooloo mi nag ne ma: «Xanaa doo nu
wax lii ngay def nii, lu muy wund ci nun?»
20 Ma ne leen: «Kàddug Aji Sax jee ma
dikkal, ne ma:
21 Waxal waa kër Israayil, ne leen:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Maa
ngii di teddadil sama kër gu sell gii, seen
sag bii ngeen di doolewoo, di seen
bànneexu bët, di seen nammeelu bakkan.
Seen doom yu góor ak yu jigéen ya ngeen
bàyyi Yerusalem, saamar dina leen tëral.
22 Te nangeen def nii ma def. Buleen
muur tuñum kaw ba ci sikkim te buleen
lekk ñam wu jóge ci njaal mi.
23 Buleen tàggook kaala, buleen tàggooki
carax. Buleen yuuxu, buleen jooy. Waaye
dingeen jeex tàkk ndax seeni ñaawtéef,
ngeen ànd di binni.”
24 Mu ne: “Na Esekiyel di seen misaal.
Bu jotee, mboolem nu mu def, nangeen ko
def, ba xam ne man maay Boroom bi Aji
Sax ji.”
25 «Yaw nit ki, bés bu ma nangoo ci ñii
seen tatay daraja ji ñuy bége, muy seen
bànneexu bët, di seen xintey bakkan, ba
nanguwaale seen doom yu góor ak yu
jigéen,
26 bésub keroog ku ca rëcce dina dikk ba
ci yaw, àgge la xibaar bi.
27 Bésub keroog sa gémmiñ dina ubbiku,
nga noppee luu, ba wax ak ka rëcc. Su
boobaa yaay doon misaalu mbooloo mi,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.»

# 25

## *Waxyu dal na xeet yi*

## *Waxyu dal na Amon*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, neel jàkk Amoneen ñi, nga
jottali kàdduy waxyu ci seen kaw.
3 Waxal Amoneen ñi, ne leen:
“Dégluleen kàddug Boroom bi Aji Sax ji.
Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
yeena noon: ‘Ñaw!’ ba ñu teddadilee sama
kër gu sell,
gental réewum Israayil,
gàddaayloo waa kër Yuda.
4 Maa ngii nag di leen jébbal màngaani
penku,
ñu moom leen,
samp seeni dal fi seen biir,
yékkati fa seeni xayma.
Ñooy lekk seen meññeef,
naan seen meew.
5 Maay soppi Raba seen péey ab parlub
giléem,
maay def réewum Amon goorukaayu gàtt,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
6 Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Yeena doon tàccu,
di fecc, bége tiisu réewum Israayil,
di leen sewal lu ngeen man.
7 Maa ngii nag di leen dóor sama loxo,
te maa leen di jébbal xeet yi, ñu sëxëtoo
leen.
Maa leen di raafale fi digg xeet yi,
maa leen di fare ci réew yi,
faagaagal leen,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.”

## *Waxyu dal na Mowab*

8 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:

* **24.17** Ku deele daawul togg. Ñiy jaalesi ñooy indi ñam wu ñu lekk ci dëj bi.

Waa Mowab ak Seyir ñoo ne: “Xoolleen
waa kër Yuda ñii ni ñu mujje,
ñook xeet yépp a yem!”
9 Maa ngii nag di ŋafal réewum Mowab,
ba xañ leen mboolem seen dëkk ya gëna
taaru sax,
di Bet Yesimot ak Baal Mewon ak
Kiryaatayim.
10 Màngaani penku laa leen di jébbal,
jébbalaale leen Amon,
ba kenn du fàttalikooti Amon ci biir xeet yi,
11 te maay wàcceel Mowab ay mbugal,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.

### *Waxyu dal na Edom*

12 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Edom a feyu ci waa kër Yuda,
feyu ga mu feyu di tooñaange gu réy.
13 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Maay dóor Edom sama loxo,
faat fa nit ak mala,
maa koy def ab gent,
la dale Teman ba Dedan, saamar lañu leen
di faate.
14 Maay duma Edom,
te Israayil sama ñoñ laa leen di dumaa.
Ñooy jëflanteek Edom la méngook sama
mer,
tollook sama xadar,
ba ñu ñam sama mbugal.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

### *Waxyu dal na Filisti*

15 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Filisteen ñee jiital seen mbañeel gu sax,
ñoo jéppee jéppi seeni noon, feyoo feyu,
ba tas leen.
16 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Maa ngii di dóor Filisteen ñi sama loxo,
maay dagg ñooñu di askanu Keret,
maay far ndes wa ca tefesu géej.
17 Maa leen di feye mbugalu xadar yu
mag,
te bu ma leen yenee sama peyu mbugal,
ñu xam ne maay Aji Sax ji.»

## 26

### *Waxyu dal na Tir*

1 Ba loolu amee, ca fukkeelu at maak
benn, yemook benn fanu weer wa, kàddug
Aji Sax ji dikkal ma ne ma:
2 «Yaw nit ki,
Tir dëkk ba moo ree Yerusalem,
ne: “Ñaw! Buntu dëkk bi xeet ya daan jaare
dàjjiku na!
Léegi man la bunt ubbikul,
léegi maay woomle, Yerusalem gental na.”
3 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yaw Tir, maa ngii fi sa kaw.
Ni géej di yéegee ay gannaxam,
ni laay yéegloo fi sa kaw xeet yu bare.
4 Ñooy màbb say tata,
daane say sooroori tata,
ma buube fa pënd ba,
def ko doj wu ne duŋŋ.
5 Tir ay doon wéerukaayu caax ci digg géej
gi,
maa ko wax, kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
Dëkk bii mooy doon sëxëtoom xeet yi,
6 dëkk-dëkkaan yi bootu ci mbooyam,
saamar faat leen,
ñu xam ne maay Aji Sax ji.
7 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Maa ngii di jële bëj-gànnaar, indi ci kaw Tir,
Nebukatnecar buuru Babilon, buuru buur
yi, aki fas aki watiir aki gawar ak mbooloo
mu takku.
8 Dëkk-dëkkaan yi bootu ci sa àll bi, saamar
la leen di reye.
Mooy yékkati fi la wër ab gawukaay,
jal ay sëkk, gawe la,
yékkati kiiraayu xare yu ràbbaloo ba defum
taax, janook yaw,
9 mooy dóor say tata dénku dàjjikaay,
mooy màbbe say sooroori tata ay
sémmiñam,
10 ay fasam yu bare sànge la pënd,
riiru gawar yaak mbege yaak watiir ya
riiral say tata,
mu jàlle ci say bunt, dugg,
ni ñuy bëtte dëkk bu ñu bëtt tataam.
11 Tànki fasi naaru-góoram lay noote sa
mbeddoo mbedd,
sa mbooloo mi, mu bóome saamar;
sa kenuy tabax yu dëgër jóoru fi suuf.
12 Ñooñooy foqati sam koom,
sëxëtoo sa alal,
màbb say tatay dëkk,
daane sa kër yu bakkane,
boole doj yaak bant yaak pënd ba,
tàbbal ca mbeex ma.
13 Maay dakkal say woy,

ba say xalam du fi jibeeti.
14 Maa lay def doj wu ne duŋŋ,
bérebu wéerukaayu caax ngay doon,
te deesu la tabaxati mukk.
Man Aji Sax ji déy maa ko wax!
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

15 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax Tir, ne ko:
Keroog sa coowal jéll ba,
ba ñuy bóome fa sa biir,
ñay dee di binni,
dun yaa cay dégg, di lox moos!
16 Mboolem buuri tefes yaay wàcc seeni ngàngune,
futti seeni mbubb,
tàggook seen yére yu yànj,
bàddoo tiitaange,
ne dett fi suuf,
dëkke kat-kat,
nga tax seen yaram daw.
17 Ñooy yékkati kàddu, jooy, ne la:
"Yaaka sànku tey, yaw dunu géej bu xumb bi woon,
yaw dëkk bu siiw bi woon, di jàmbaaru waa géej,
yaak say nit a daa tiital mboolem ñi leen wër.
18 Tey sa bésub jéll bii,
dun yeey xala lox.
Duni géej yeey tiit ci sa sànkute gi."

19 «Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Bu may gental sa dëkk,
nga mel ni dëkk yu nit ña ne mes,
ba ma xëpp xóote ya fi sa kaw,
ba wali ndox ya mëdd la,
20 keroog maa lay wàccaaleek ñay jëm biir pax,
nga fekki xeetu démb.
Maa lay dëël taati biir suuf,
fu mel ni genti cosaan ya,
nga fekki ca pax mi ña fa njëkkoona wàcc,
ngir deesatu la dëkke,
te doo amati cér ca réewum aji dund ña.
21 Demin wu raglu laa lay sédd,
ba nga ne mes,
ñu di la seet, te deesu la gisati mukk.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee!»

# 27

*Esekiyel jooy na Tir*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nag nit ki, yékkatil kàddu, muy ay
jooy ci kaw dëkkub Tir.
3 Waxal Tir mi toog ci buntu géej, jula
yooyuy jëflanteek xeeti dun yu bare, nga
ne ko: "Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yaw Tir yaa noon:
'Maaka matub taar!'
4 Yaw mi sa kemu suuf àkki xolu géej,
say tabaxkat a mottali sab taar.
5 Dañu laa tabax ni ñuy tabaxe gaal,
sàkke xànqi sippar fa tundu Senir,
defare ca sa xott wépp,
sàkk bantu seedaru Libaŋ,
defare ponku diggu gaal ga.
6 Ñu gorati garabu seen yu Basan,
defare say joowu,
kaw gaal gi, ñu defare ko banti sippar yu bawoo tefesi géej gu mag ga,
rafetale ko bëñi ñey.
7 Lẽe bu bawoo Misra lañu ràbb ba mu jekk,
def ko ndimoy wiiru gaal gi,
nga raayawoo ko,
cuub gu baxa ak cuub gu xewar bawoo dunu Elisa,
di sa malaan,
8 waa Sidon ak Arwàdd doonoon say joowkat.
Yaw Tir, yaa yeb ñu rafet xel,
ñuy say mool,
9 magi Gebal ñeek nitam ñu xareñ ñi fi yaw féetewoo di jagal.
Mboolem gaal yu mag yi ak ña cay liggéey di dal ak yaw,
waa gaal ya di jënd sam njaay.
10 Waa Pers ak waa Ludd ak waa Puut,
ñépp a nga woon ca sa mbooloom xare,
di wékk fa yaw seeni pakk ak seen mbaxanay xare.
Ñooñoo la darajaal.
11 Arwàddeen ñeek sa niti bopp a daan wattu sa tata yépp,
Gammàddeen ñi di wattu say sooroori tata,
ñu wékk seeni gànnaay ci li wër say tata.
Ñooñoo mottali sab taar.
12 «"Tarsis dëkk baa doon sab jula ndax
sa jépp xeetu alal ju bare. Xaalis ak weñ gu
ñuul ak gu weex ak betteex la waa dëkk ba
daan weccikoo seen alal.

13 Waa Geres ak Tubal ak Meseg di say
jula, di leen indil ay jaam ak ndabi xànjar
yu ñuy weccikoo seen koom.
14 Waa kër Togarma indi ay fas aki
gawar aki berkelle, di ko weccikoo seen
alal.
15 Dedaneen ñi di say jula, koomu dun
yu bare di jaare say loxo, ñu di la feye bëñi
ñey ak bantu jalambaan.
16 Waa Siri it di say jula, di jëndeek yaw
lu bare loo defar, di ko wecci per yu jafe,
ak ndimo yu xewar, ak séri ràbb ak lẽe ak
peri xor ak peri rubi.
17 Yudaak réewum Israayil it di say jula,
di la wecci bele bu bawoo Minit, ak dugub
ak lem ak diwu togg ak diwu yaram.
18 Dëkkub Damaas di jula lu bare ak yaw,
ci lépp loo defar ak jépp alal joo barele, di
la ko weccee biiñ bu jóge Elbon, ak
kawaru xar gu weex.
19 Waa Wedan ak waa Geres bàyyikoo
Usal, di la wecci sa koom weñ gu ñu tëgg,
ak xasum kaas ak barax bu xeeñ.
20 Waa Dedan it di say jula, indil la seen
ndimoy tegi fas.
21 Waa Arabi ak mboolem garmiy Kedar
it di jëflanteek yaw, feye la ay tàppaanga aki
kuuy aki sikket.
22 Julay Seba ak Raama it di jëflanteek
yaw, di la indil ngën-gi-safal ak mboolem
peru gànjar, ak wurus yu ñuy weccikoo sa
alal.
23 Waa dëkk yii di Karan ak Kane ak
Eden ñoom it di say jula, ñook julay Seba ak
Asur ak Kilmàdd.
24 Ñooñoo doon say jula yu lay indil yérey
tànnéef ak turki yu yolet ak yérey ràbb ak
malaan yu yànj ak goj yu rawaasoo yu wér.
25 Ay gaali Tarsis yu mag a daan yóbbu
sam njaay.
Nga fees dell, diis gann fi digg xolu géej.
26 Say joowkat waral la mbeex mi ne
màww,
ba ci diggu géej, teewul ngelawal penku
damm la.
27 Sa alal ja, sab yeb, sa njaay ma,
sa niti géej, say mool, say jagalkat, say
jaaykat,
ak mboolem sa dag yi ci sa biir,
ak mboolem sa gàngoor gi ci sa biir,
ñooy tàbbeendoo xolu géej keroog sa bésub
jéll ba.
28 Bu say mool yuuxoo,
tefes yaay riir,
29 képp kuy ŋàbb joowu wàcce gaalam.
Nitu géejoo mboolem mool,
ñépp fi suuf lañuy taxaw.
30 Ñoo lay jooyal,
di yuuxu yuux yu metti,
di xëppoo suuf,
di fëlëñoo dóomu-taal.
31 Yaay tax ñuy nelu,
sol ay saaku di ko ñaawloo,
di la jooye naqaru xol ak yuux yu metti.
32 Ñeey am tiis, yékkatil la kàddug jooy,
jooy la, ne:
‘Ana dëkk bu mel ni Tir,
mi ñu wedamal nii biir géej?’
33 Ba ngay yebbee géej sam koom,
yaa daan reggal ñu bare.
Sa alal ak sa koom gu bare nga woomale
buuri àddina.
34 Léegi rajaxoo nga biiri gannax ca biir
xóotey géej,
sa koom ak sa gàngoor gi ci sa biir, lépp
jóoru.
35 Waa dunoo dun a la tiisoo,
seen yaramu buur ya daw a daw ba ñu ne
yasar.
36 Julay xeet yaa ngi muslu ci saw demin.
Raglu nga mujje,
te doo tekkeeti ba fàww!”»

# 28

### *Nguurug Tir nërmeelu na*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, waxal Boroom Tir, ne ko:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Dangaa fuuy ba naan:
‘Maay Yàlla ji toog ci toogub yàlla yi, fi xolu
géej!’
Waaye yaw doom aadama nga, doo Yàlla,
dangay yàlla-yàllalu rekk.
3 Xëy-na yaa sut Dañeel am xel,
du genn kumpa gu la ump!
4 Ci sam xel ak sa manoore nga ame alal,
am wurus, am xaalis,
yeb ci say denc.
5 Ci sa xelum jula mu réy nga yokke sa alal,
alal ji tax laa fuuy.
6 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:

Gannaaw dangay yàlla-yàllalu,
7 maa ngii di la indil ay doxandéem,
di yéefar yi gëna néeg.
La nga sottale xel mu rafet, ñoo koy boccil saamar,
te ñooy yàq sab taar.
8 Pax lañu lay tàbbal,
nga deewi xolu géej deewug ku ñu bóom.
9 Xanaa doo janook ki lay rey, naati: 'Maay Yàlla'?
Boo tàbbee ca sa loxoy jamkat ya,
keroog nga noppee doon yàlla, di nitu kese.
10 Deewug yéefar bu xaraful ngay deewe ci loxol doxandéem yi.
Man déy, maa ko wax!
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee."»
11 Kàddug Aji Sax ji dikkalati ma ne ma:
12 «Yaw nit ki, yékkatilal buurub Tir
kàddug jooy! Nga ne ko: "Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne:
Yaa matoon royukaay,
géejum xel, sottib taar.
13 Yaa nga woon biir Àjjana, toolub Yàlla ba,
ràngoo lépp luy gànjari per,
sarduwan ak topaas ak jamaa ak kirsolit ak onigsë ak jàspë ak safiir ak emëródd ak eskarbukal.
Fegukaay yaak wewukaay ya di wurus,
te bés ba ñu la sàkkee, fekk na ñu waajal yooyu.
14 Yaa doon malaakam serub mu ne ràñña, di aare,
ma tabb la fa kaw tundu Yàlla wu sell wa,
ngay daagu ci diggu doj yuy tàkk.
15 Ba ñu la sàkkee, nga dale mat ci say jëfin,
ba keroog njubadi di feeñ ci yaw.
16 Sa liggéeyu jula bu yaatu moo la feesal fitna,
nga bàkkaar, ba ma nangoo sa teraanga fa tundu Yàlla wa,
sànk la, yaw malaakam serub miy aare,
nga jóge ca diggu doj yuy tàkk.
17 Sab taar a la fuuyloo,
sa daraja tax nga yàq sam xel!
Fi suuf laa la rattax,
fi kanam buur yi laa la detteel, ñu di la seetaan.
18 Sa ñaawtéef yu bare ak njublaŋ gi ngay julaa,
looloo teddadil sa jaamookaay yu sell,
ba ma jafale sawara fi sa biir,
mu xoyom la.
Maa la defub dóom fi suuf,
ñépp di la xool.
19 Mboolem ñi la xam ci xeet yi,
seen yaram dina daw ci yaw.
Ku raglu ngay doon,
te doo tekkeeti ba fàww."»

### *Waxyu dal na Sidon*

20 Kàddug Aji Sax ji dikkalati ma ne ma:
21 «Yaw nit ki, neel jàkk Sidon*, nga
jottali kàdduy waxyu fi kawam.
22 Neel:
"Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yaw Sidon, maa ngii fi sa kaw.
Dees na ma sargal fi sa biir,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji
ndax mbugal yi ma fiy wàccesi,
ba fésal fi sama sellaay.
23 Maa fiy yebal mbas,
deret tuuru ci mbedd yi,
saamar dajal dëkk bi,
bóom nit ñi, tëral,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji."

24 «Su boobaa waa kër Israayil, seen dëkkandoo yi leen di sewal,
dootuñu leen lëjal ni dagg yu ñaw ak dég yuy jame.
Su boobaa ñu xam ne maay Boroom bi Aji Sax ji.

### *Aji Sax jeey yiwi Israayil*

25 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Bu
may dajale waa kër Israayil, di leen jële ci
diggu xeet yi ñu tasaaroo, ca laay fésal
sama sellaay fa seen biir, yéefar yi gis, ñu
dëkke seen suufas bopp sa ma joxoon
Yanqóoba sama jaam ba.
26 Xel mu dal lañu fay dëkke, tabax fa ay
kër, jëmbat seeni reseñ. Bu ma wàcceelee ay
mbugal mboolem ñi leen di sewal te séq
leen, dinañu dëkke ba xam ne maay seen
Yàlla Aji Sax ji.»

## 29

### *Waxyu dal na Misra*

* **28.21** ***Sidon,*** dëkk la bu bootu woon ci Tir, ca wetu bëj-gànnaar, ca tefes ga.

1 Ca fukkeelu at ma, fukki fan ak ñaar ca
fukkeelu weer wa, kàddug Aji Sax ji dikkal
na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, neel jàkk Firawna buuru
Misra, nga jottali kàdduy waxyu fi kawam
ak fi kaw Misra gépp.
3 Waxal, nga ne: “Boroom bi Aji Sax ji
dafa wax ne:
Maa ngii fi sa kaw, yaw Firawna buuru
Misra,
yaw ninki-nanka ju mag ji goor ci say
diggi dex,
te naan: ‘Maa moom sama dex,
man ci sama bopp maa ko sàkk!’
4 Waaye maay we ay lonku ci say ŋaam,
jël sa jëni waltan,
ŋoyal leen ci say waasintóor,
diree la say waltan,
sa jëni waltan yépp ŋoy ci say waasintóor.
5 Ma wacc la ca màndiŋ ma,
yaw yaak mboolem sa jëni waltan.
Ci àll bi nga naa ñàyy,
deesu la for, deesu la fat.
Ndundati àll beek njanaaw yi, yaw laa
leen di leele,
6 ba waa Misra gépp xam ne maay Aji Sax
ji.

«“Seen ndimbal ak Israayil mooy
ndimbalu bantu barax,
7 ñu jafandu ci, mu ne tàllit,
ne xureet mbagg yépp,
ñu wéeroo ko, mu ne tipp,
ndigg yépp rëcc.

8 «“Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Yaw Misra, maa ngii di la indil saamar,
ba faat la yaw, nit ak mala.
9 Réewum Misraay gental, di ndànd-foyfoy,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.
Li nga ne: ‘Dex gi maa ko moom,
man maa ko sàkk,’
10 moo tax maa ngii fi sa kaw,
yaak say wali dex.
Maay def réewum Misra gent bu ne sereŋ,
mu gentale Migdol ca bëj-gànnaar, ba
Asuwan*,
fa mu digalook réewum Kuus ca bëj-saalum.
11 Tànku doom aadama du fa jaare,
tànku mala du fa jaare,
te deesu fa dëkke diiru ñeent fukki at.
12 Maay def Misra gëna gental ci réew yi
gental,
ay dëkkam gëna gental ci dëkk yi diiru ñeent
fukki at.
Maay tasaare waa Misra ci biir xeet yi,
wasaare leen ci biir réew yi.
13 Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Bu ñeent fukki at yi matee,
ma dajalee waa Misra fa digg xeet ya ñu
tasaaroo woon.
14 Ca laay tijjee wërsëgu Misra,
delloo leen réewum Pattros ca bëj-saalum,
seen réewum cosaan,
ñu doon fa nguur gu suufe,
15 gëna suufe ci nguur yi,
ba dootuñu damu fi kaw xeet yi.
Maa leen di tuutal ba dootuñu yilif xeet yi.
16 Waa kër Israayil dootuñu yaakaar
Misra,
xanaa ñuy fàttaliku na ñu ñaawe woon
démb,
ba ñuy làqoo waa Misra,
te dinañu xam ne maay Boroom bi Aji Sax
ji.”»
17 Ca ñaar fukkeelu at maak juróom ñaar,
benn fanu weer wa njëkk, kàddug Aji Sax ji
dikkal na ma, ne ma:
18 «Yaw nit ki, Nebukatnecar buuru
Babilon teg na mbooloom xareem coono
bu metti ca seen xareek Tir. Seen kawari
bopp yépp ruus na, seen wagg yépp tëccu,
te coonoom ba mu sonn ca Tir, te du
moom, du ay nitam ku ci am wenn yool.
19 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne:
Maa ngii di jox réewum Misra
Nebukatnecar buuru Babilon,
mu yóbbu alal ja,
wëq ko ba mu set,
sëxëtoo mboolem lu mu amoon,
muy peyooru mbooloom xareem,
20 di yoolu coonoom.
Maa ko jox réewum Misra,
feye ko la ma ay nitam liggéeyal.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
21 Bésub keroog maay yokk dooley waa kër
Israayil,
yaw nit ki, ma jox la sañ-sañu àddu fi seen
biir.
Su boobaa ñu xam ne maay Aji Sax ji.»

* **29.10** ***Asuwan*** mooy Siyen ba tey.

# 30

## *Babilon song na Misra*

1 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, jottalil kàdduy waxyu! Neel:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Jooyleen, ne: ‘Wóoy bii bés!’
3 Bés jubsi na déy,
bésub Aji Sax ji jubsi na!
Bésub xàmbaar, muy bésub àtte ñeel xeet yi.
4 Saamar ay dikkal Misra,
fépp di jal-jali ba ca Kuus,
aw nit, ñu bóom ca Misra,
nangu alalu réew ma,
kenu ya màbb.
5 Waa Kuus ak Puut ak Ludd ak xeet yu raxe yépp ak waa Kub,
boole ci ñenn ci réew mi farandoo ak moom,
ñoom ñépp saamar a leen di faat.

6 «“Aji Sax ji dafa wax ne:
Wéeruwaayi Misra ya day jóoru,
doole ja Misray sago ŋiis;
la dale Migdol ba Asuwan*, saamar a leen di faat.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
7 Ñooy gëna wéet ci réew yi,
seeni dëkk gëna gental ci dëkk yi.
8 Bu ma taalee Misra,
ba wéeruwaayam yépp rajaxoo,
dinañu xam ne maay Aji Sax ji.
9 Bésub keroog dees na dugg ay gaal, génn ci sama ndigal,
ngir indil tiitaange réewum Kuus ma ne finaax,
muy seen jal-jal keroog jéllub Misra ba.
Bés baa ngii di dikk déy!

10 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maay jeexal mbooloom Misra mu réy,
jaare ko ci Nebukatnecar buuru Babilon.
11 Mooy ànd ak ñoñam,
di ñi gëna néeg ci yéefar yi,
dikk yàqatesi réew mi;
ñooy boccil Misra saamar,
ba feesal réew mi ay néew.
12 Maay def wali Niil ag joor,
maay jaay réew mi nit ñu aay.
Maay alag réew meek li ci biiram,
jaare ko ci ay doxandéem.
Man Aji Sax ji, maa ko wax.

13 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maay sànk kasaray tuur yi ak yàllantu ya ca Memfis.
Buur dootul toog ci jalu réewum Misra,
te maay indi tiitaange ci biir Misra.
14 Maay yàqate Pattros,
taal dëkk bi ñuy wax Cowan,
ba sottal sama mbugal ci kaw dëkk bi ñuy wax No.
15 Maay sottil sama xadar Sin, rawtub Misra,
te maay tenqi gàngooru No.
16 Maay taal Misra,
dëkk ba ñuy wax Sin di rag-ragi;
dëkk ba ñuy wax No, ñu bëtt ko;
Memfis, noon yi nangu ko digg bëccëg.
17 Xaleli góori Oon ak Pi Beset, saamar a leen di faat,
waa dëkk yooyu ca des njaam lañu jëm.
18 Bu ma dogee sidditi Misra,
ba doole ja muy sago ŋiis,
jant dootul fenk ci Tapanes,
aw xiin ay sàng dëkk bi,
te dëkk-dëkkaanam ya, njaam lañu jëm.
19 Nii laay wàccee ay mbugal ci Misra,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.”»

## *Doole réer na Misra*

20 Ca fukkeelu at maak benn, juróom ñaari fan ca weer wa njëkk, kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
21 «Yaw nit ki, damm naa përëgu Firawna buuru Misra,
mu ngii, deesu ko takk, ba mu faju,
deesu ko lëmës, ba mu mana ŋàbb saamar.
22 Léegi nag Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maa ngii fi kaw Firawna buuru Misra.
Ñaari përëgam yépp laay damm;
bu baax beek bi damm ba noppi,
maay waddal saamaram bi ci loxoom,
23 maay tasaare Misra fi biir xeet yi,
wasaare leen fi biir réew yi.
24 Maay dooleel përëgu buuru Babilon,
teg sama saamar ci loxoom.
Gannaaw ba ma dammee përëgi Firawna,
Firawna dina binni te dee ci kanamu noonam.

* **30.6** ***Asuwan*** mooy Siyen ba tey.

25 Maay dooleel përëgi buuru Babilon moos,
përëgi buuru Misra yoqi.
Maay teg sama saamar ci loxol buuru Babilon,
mu xàcc ko jëme ci réewum Misra,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.
26 Maay tasaare Misra fi biir xeet yi,
wasaare leen fi biir réew yi,
ba ñu xam ne maay Aji Sax ji.»

# 31

*Ponkal daanu na*

1 Ba loolu amee ca fukkeelu at maak
benn, benn fan ca ñetteelu weer wa,
kàddug Aji Sax ji dikkal ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, waxal Firawna buuru
Misra ak gàngooram, ne ko:
“Ana koo neexool daraja?
3 Asiree ngoog, garabu seedar la woon ca Libaŋ,
rafeti bànqaas, naatub gott, siggi ca kaw,
njañ lay àkki niir ya.
4 Bëti ndox suuxat ko, ndoxi xóote yi màggal ko,
wal ma dajaloo ca reen ya,
doxe fa sotti ay waltan ci garabi àll bi yépp.
5 Moo ko taxa sut garabi àll bi,
ay bànqaasam sëq, car ya law a law
ndax ndox mi koy ballal a ne xéew.
6 Picc yépp di tàgg ci ay caram,
rabi àll yépp di jur fa suufam,
askanoo askan wu mag di toog ci keram.
7 Taaram a nga ca taxawaayam ak guddaayu caram ya,
ngir reenam ba sóobu ci ndox mu ne xéew.
8 Du genn garabu seedar ca toolub Yàlla gu ko yóbbuloon dara,
du garabu sippar yu ko niruy car,
mbaa garabu palataan bu ko niruy bànqaas.
Du genn garab ci toolub Yàlla gu taaroo ni moom.
9 Maa ko rafetale njañam lu sëq,
ba garabi Àjjana, toolub Yàlla bi, ñoom ñépp ñee ko!
10 «“Moo tax Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Yaa siggi woon ca kaw, kii la
njañam àkki woon ci niir ya, muy damoo
taxawaayam.
11 Maa koy jébbal ku jiite ay xeet, mu fey
koo fey coxoram, ma dàq ko.
12 Ay doxandéem a dikk, bokk ci xeet yi
gëna néeg, gor ko, wacc. Ay bànqaasam
wadd ci kaw tund yeek xur yi, ay caram
dammatoo ci xunti àll bi yépp. Waa réew
yépp dawe keram, wacc ko,
13 picc yépp di tàgg ci peram bi tëdd fi
suuf, rabi àll yépp di goor ci caram yi fi
suuf.
14 Su boobaa genn garab gu feggook
ndox dootul siggi ca kaw, ba njañ lay àkki
niir ya, te genn garab dootul màndim ndox,
bay damu ci kawi moroomam. Ñoom ñépp
déy lañu àppal dee, ñu jëm xóotey suuf,
tëddi biir bàmmeel ni waa àddina sépp.
15 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Bés ba seedar ga tàbbee njaniiw, maa dogal
ag ñaawlu: Maa sàng xóote ya ndax moom,
téye dexi biir suuf, wali ndox yi noon xéew,
dakk. Maa tax ba gottub Libaŋ ñaawlu ci
loolu, tax ba garabi àll bi yépp doxe ca lax.
16 Maa def xeet yi dégg jéllu seedar gi, di
lox, ba ma ko tàbbalee njaniiw, boole kook
mboolem ñiy tàbbim pax. Noonu la garab
yépp di muñe seen demin, ndax seedar ga
teew ni ñoom ci biir xóotey suuf, maanaam
mboolem garabi Àjjana yi gëna taaru,
boole ca yay ngëneeli Libaŋ, ak mboolem
garab yi màndim ndox.
17 Ñoo bokk ak seedar gi wàcci njaniiw,
ànd caak ña fa saamar tëral, ñoom ñi ko
doon dooleel, maanaam xeet yi daan toog
ci keram.
18 Ana kan nga neexool teddaay ak
daraja ci biir garabi Àjjana? Ndaxam dees
na la booleek garabi Àjjana, tàbbal la ci
xóotey suuf. Yaay goorandook yéefar yi
saamar tëral.
«“Looloy deminu Firawnaaki
gàngooram. Kàddug Boroom bi Aji Sax
jee.”»

# 32

*Jàmbaaru àddina, baadooloy njaniiw*

1 Ca fukkeelu at maak ñaar, benn fan ca
fukkeelu weer waak ñaar, kàddug Aji Sax ji
dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, yékkatil kàddug jooy, ñeel
Firawna buuru Misra. Nga ne ko:

“Dangaa meloon ni waxambaanew
gaynde ci biir xeet yi,
mel ni ninki-nanka ci biir géej,
di fettaxe say wal,
di wéqu, di nëxal ndox mi,
di tilimal dex gi.
3 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maa lay laaw sama caax fi biir ndajem
xeet yu bare,
ñu ñoddee la mbaal ma, génne.
4 Maa lay wacc fi suuf, sànni la ci àll bi,
dëël njanaaw yépp fi yaw,
ba reggal rabi àll yépp ci saw yaram.
5 Maay lale tund yi sa suux,
ba feesale xur yi sa jalu néew yi.
6 Maay nàndale suuf sa deret,
mu wale ca tund ya,
ba feesal yooni ndox yi.
7 Bu sa leer feyee, maay muur asamaan,
lëndëmal ay biddiiwam,
sànge jant bi aw niir,
weer wi noppee leeral.
8 Mboolem leeri asamaan laay giimal fi sa
kaw,
ba teg lëndëm fi sam réew.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

9 «“Maay jàqloo xeet yu bare,
bu ma leen àggee sa musiba
ci biir réew yoo xamuloon.
10 Saw demin laay tiitale xeet yu bare,
ba seen yarami buur yi di daw a daw.
Keroog sa bésub jéll ba, bu may xàcc sama
saamar fi seen kanam,
duñu noppee lox, ku nekk ay xalaat
bakkanam.

11 «“Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Saamaru buuru Babilon a lay dikkal.
12 Saamari jàmbaar laay tërale sa mbooloo,
ñoom ñépp bokk ci xeet yi gëna néeg,
te ñooy sàggi sagub Misra;
gàngooram gépp sànku.
13 Maay faagaagal sa mboolem jur
gi feggook ndox mi ne xéew,
ba tànku nit dootu ko nëxal,
wewu jur dootu ko nëxal.
14 Su boobaa ma dalal seeni ndox,
dawal ndànk seeni wal nig diw.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
15 Bu ma defee réewum Misra ab gent,
ba réew mi feesoon, ne faraas,
bu ma dumaa mboolem ku ci dëkkoon,
su boobaa ñu xam ne maay Aji Sax ji.”

16 «Kàddug jooy a ngoog gu ñuy jooyi,
janqi xeet yeey jooye yooyu jooy Misraak
gàngooram gépp.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»

### *Misra wéetul ca toroxteem*

17 Ca fukkeelu at maak ñaar, fukki fan ak
juróom ca weer woowa, kàddug Aji Sax ji
dikkal na ma ne ma:
18 «Yaw nit ki, yuuxul mbooloom Misra,
gungee ko seen jéll, ñook janqi xeet yu mag
yi, ñu ànd tàbbiji xóotey suuf, fekk fa ña
tàbbi woon pax.
19 Ne leen:
“Yaw Misra, ana koo ëppub taar?
Tàbbil, ñu boole laak paaxe yi tëral.”
20 Fi biir ñi saamar faat la waa Misra di
tëdd.
Saamar ba génn na,
ñu diri Misra, booleek gàngooram yépp
yóbbu.
21 Biir njaniiw la jàmbaari xare yay tollu,
di waxtaane Misraaki farandoom, naan:
“Wàccsi nañu, ne lareet,
Yéefar yi ñu faate leen saamar!”

22 «Buurub Asiree nga faak gàngooram gépp,
bàmmeeli xarekatam ña wër ko.
Ñoom ñépp lañu jam, ñu faate leen saamar.
23 Seeni bàmmeel a nga féete fa xóotey xóote
ya,
ñu yéew bàmmeelu buurub Asiri.
Ñoom ñépp lañu jam, ñu faate leen saamar,
ñoom ñi daan tiital waa réewum aji dund
ña.

24 «Buurub Elam a nga faak gàngooram gépp,
seeni bàmmeel yéew bosam.
Ñoom ñépp lañu jam, ñu faate leen saamar.
Paaxe lañu wàccaale xóotey suuf,
ñoom ñi daan tiital waa réewum aji dund
ña.
Seen gàcce lañu gàlloo,
ànd ak ñay jëm biir pax.
25 Buurub Elam kay a nga tëdd ca biir ña
ñu bóom,
mook gàngooram gépp, seeni bàmmeel yéew
ko.
Paaxe yooyu yépp ñu faate leen saamar,

ñoom ñi daan tiital waa réewum aji dund
ña.
Seen gàcce lañu gàlloo,
ànd ak ñay jëm biir pax,
ñu boole leen ak ña ñu bóom ab tëraay.

26 «Buuri Meseg ak Tubal a nga faak seen
gàngoor gépp,
seen bàmmeeli xarekat yéew leen.
Paaxe yooyu yépp ñu faate leen saamar,
nde ñoo daan tiital waa réewum aji dund
ña.
27 Robaaleesu leen ak jàmbaar ña ànd ak
seen gànnaayi xare,
wàcci biir njaniiw,
ñu gegen leen seen saamar, terale leen,
te seen ay war seeni yax,
nde ñoo daan tiital waa réewum aji dund
ña.
28 Waaye yaw itam Misra, yaa ngii rajaxoo
fi digg yéefar yi,
bokk nga tëraay ak ñi ñu faate saamar.

29 «Edom a nga fa, mooki buuram ak garmi
yépp,
seenug njàmbaar teewul ñu denc leen fa ñu
denc ñi ñu faate saamar,
ñu bokk ak paaxe yi ab tëraay,
ànd ak ña jëm biir pax.

30 «Kàngami bëj-gànnaar yépp a nga fa,
ak mboolem waa Sidon,
ña ànd ak ña ñu bóom, tëddi pax,
te seenug njàmbaar doon tiitale démb,
tey, ñu ànd ak ñi saamar bóom, tëddaale
seenug kéefar.
Ñoo ràngoo seen toroxte,
ànd ak ñay jëm biir pax.

31 «Ñoom la Firawna di gis,
muñe leen deminu gàngooram gépp,
moom mi ñu faate saamar, mooki nitam
ak mbooloom mépp.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

32 «Maa defoon Firawna muy tiitale ci
réewum aji dund ñi.
Waaye tey moo bokk tëraay ak yeneen
paaxe yi ñu faate saamar, mook
gàngooram gépp.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.»

# 33

### *Tabb nañu Esekiyel wattukat*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, waxal ak sa bokk yi, nga ne
leen: “Am réew, su ma wàccee xare ci
kawam, waa réew ma tànn ci seen biir
kenn, def ko seen wattukat,
3 su kooka séenee congum xare muy
dikk ci réew mi, day daldi wal bufta bi,
artu waa réew mi.
4 Ku dégg baatu bufta ba te fàgguwul, bu
cong mi agsee ba yóbbaale ko, mooy gàddu
bakkanam.
5 Gannaaw dégg na baatu bufta ba, te
taxu koo fàggu, mooy gàddu bakkanam. Ku
déggoon ba fàggu nag, moo musal boppam.
6 Su wattukat ba séenee congum xare
may dikk te walul bufta ba, loolu mooy
waral waa réew mi bañ koo fàggu, ba cong
ma agsi, ba rotal bakkanu kenn ca ñoom,
su boobaa njubadiy wattukat baa ko rotal,
te bakkanu nit kooka, wattukat ba laa koy
topp.”
7 «Yaw nit ki nag, wattukat laa la tabb,
ñeel waa kër Israayil, ba boo déggee baat
bu jibe sama gémmiñ, yaa leen koo artoo ci
sama ndigal.
8 Bu ma nee ku bon ki: “Yaw ku bon ki,
dee rekk mooy sa àtte,” te yaw waxuloo ko
ko, artu ko ngir mu wacc yoonu mbonam,
ku bon kooka day dee ndax tooñam.
Waaye bakkanam, yaw laa koy laaj.
9 Waaye yaw soo artoo nit ki ngir mu
wacc yoonu mbonam, te waccu ko, tooñu
boppam a ko reylu, waaye yaw musal nga
sa bopp.
10 «Yaw nit ki, waxal ak waa kër Israayil,
ne leen: “Ngeen ne dungeen mana mucc
ndax seeni tooñ ak seen bàkkaar yu leen
diis ba semmal leen?”
11 Waxleen ne leen: “Giñ naa ko ci man
miy dund, kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
awma bànneex ci deewug nit ku bon.
Sama bànneex mooy mu wacc yoonu
mbonam, ba dund. Kon yeen waa kër
Israayil, waccleen, ngalla waccleen seen
yoonu mbon. Ana lu jar ngeen di dee?”
12 «Yaw nit ki, waxal sa bokk yi, ne leen:
“Boroom jëfi njekki démb yi, su tooñee tey,
jëfi njekk yooya du ko musal. Ku bon ki
itam, su waccee yoonu mbonam tey,

mbonu démbam ga du ko lor. Boroom jëfi
njekki démb yi nag, su bàkkaaree, jëfi
njekkal démbam ya du ko may mu dund."
13 «Doonte maa ne boroom jëfi njekk yi
dina dund moos, te gannaaw gi mu
yaakaar jëfi démbam ya, bay def safaan ba,
su boobaa jépp jëf ja woon, deesu ko ko
dencal, te safaan bi mu def tey mooy doon
àtteb deewam.
14 Su ma nee ku bon ki: "Yaw dee rekk
mooy sa àtte," mu mujj dëddu bàkkaaram, di
jëfe dëgg ak njub,
15 di delloo alalu tayle ju mu laajoon, di
fey lu mu sàccoon, di jëfe dogali yoon yiy
taxa dund, tey baña jëfe njubadi, su
boobaa dina dund moos te àtteb dee du ko
topp.
16 Mboolem lu mu bàkkaaroon, deesu ko
ko dencal. Dëgg gi ak njub gi mu jëfe moo
koy taxa dund.
17 «Sa bokk yi nee ñu: "Ni Boroom biy
doxale du noonu." Te ñoom la seen
doxalin dul noonu!
18 Boroom njekk su dëddoo njekkam di
def njubadi, njubadi gaay doon àtteb
deewam.
19 Ku bon nag, su dëddoo mbonam, jëfe
yoon ak njub, loolaa koy may mu dund.
20 «Yeen waa kër Israayil, ngeen ne: "Ni
Boroom biy doxale du noonu." Nit ku
nekk daal, jëfinam laa koy àttee.»

## *Jëf ju bon daane na Yerusalem*

21 Ca fukkeelu atu ngàllo ga ak ñaar,
keroog juróomi fan ca fukkeelu weer wa,
jenn waay a rëcce ca jéllub Yerusalem ba,
dikk ne ma: «Dëkk ba daanu na!»
22 Fekk na ngoon ga jiitu dikkam, Aji Sax
ji teg ma loxo, ba tijji sama gémmiñ. Ba
waa ja rëcc agsee fa man ca ëllëg sa ca
suba, fekk na sama gémmiñ tijjiku,
luuwatuma.
23 Gannaaw loolu kàddug Aji Sax ji
dikkal ma ne ma:
24 «Yaw nit ki, ñi dëkke genti réewum
Israayil mii ñu ngi naan: "Ibraayma kenn
la woon te moo moomoon réew mi. Kon
nun ñii di ñu bare noo ko ci gëna yey."
25 Kon nag nanga leen wax ne leen:
"Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Yeen
ñiy boole yàpp ak deret di ko lekk, di wékki
gët kasaray tuur, di tuur deretu jàmburi
Yàlla, lu tax kon ngeen xalaat ne yeena
moom réew mi?
26 Yeen ñi wóolu seen saamar, di def jëf
ju siblu, ku nekk di njaalook jabaru
moroomam, lu tax kon ngeen xalaat ne
yeena moom réew mi?"
27 Wax leen ne leen: "Boroom bi Aji Sax
ji dafa wax ne: Giñ naa ko ci man miy
dund, ku nekk ci yeen ci biir gent yi,
saamar lay faatoo; képp ku nekk ci biir àll
bi, rab yi laa koy jox, ñu lekk ko; te képp ku
làqoo tata yeek xunt yi, mbas a koy rey.
28 Maay def réew mi gent bu wéet, sagu
réew mi sàggiku, tundi Israayil ne faraas,
kenn du ca jaare.
29 Bu ma defee réew mi gent bu wéet
ndax seen mboolem jëf ju siblu, dinañu
xam ne maay Aji Sax ji."
30 «Léegi nag, yaw nit ki, sa bokk yaa ngi
lay waxtaane ci keppaari tata yi ak ci
bunti kër yi. Ñu ngi waxante ci seen biir,
ku nekk naa mbokkam: "Aycaleen nu dem
dégluji gan kàddoo tukkee ci Aji Sax ji."
31 Noonu la sama ñoñ di dajesee fi yaw,
toogaanu la, di la déglu. Dañuy déglu say
wax, waaye duñu ko jëfe mukk. Lu neex
lañuy wax waaye amin wu lewul rekk la
seen xol di sàkku.
32 Dañu laa jàppe rekk ni boroom woy yu
neex, ku neex baat, te mane xalam. Dañuy
déglu say wax te duñu ci jëfe dara.
33 Waaye sa wax jaa ngii di waaja sotti,
te bu sottee dinañu xam ne ab yonent a
ngi woon fi seen biir.»

# 34

## *Waxyu dal na sàmm su bon si*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, jottalil kàdduy waxyu fi
kaw sàmmi Israayil. Jottalil kàdduy waxyu
ci kaw sàmm soosu, ne leen: "Boroom bi
Aji Sax ji dafa wax ne: Wóoy ngalla sàmmi
Israayil yiy sàmm seen bopp! Xanaa du jur
gi, la sàmm si wara sàmm?
3 Yeen, nebbon ji, ngeen lekk; kawari jur
gi, ngeen def yére, sol; li ci duuf, ngeen
rendi, te jur gi sàmmuleen leen!
4 Yeen, li ndóol ci jur gi, leqaliwuleen
leen; li ci wopp, fajuleen leen; li damm,
yeewuleen leen; li ci lajj, gindiwuleen

leen; li réer, seetuleen leen. Doole daal
ngeen leen yilife, di leen soxore.
5 Jur gi tasaaroo na ndax ñàkk ku leen
sàmm, ñu mujj doon ndawalu mboolem
rabi àll yi. Tasaaroo nañu!
6 Sama gàtt yaa ngi tambaambalu ci
kaw tundoo tund wu mag ak wu ndaw.
Biir réew mi mépp la sama gàtt yi tasaaroo.
Kenn wërul, kenn seetul.
7 «“Moo tax yeen sàmm si, dégluleen
kàddug Aji Sax ji.
8 Mu ne: Giñ naa ko ci man miy dund.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee. Gannaaw
sama gàtt yi ñàkk nañu sàmm, ba ñu di leen
sëxëtoo, ñu mujj di ndawalu rabi àll yépp,
te sama sàmm si wëruñu sama jur gi,
sàmmuñu leen, xanaa di sàmm seen bopp,
9 gannaaw noonu la, yeen sàmm si,
dégluleen kàddug Aji Sax ji.
10 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Maa
ngii di dal fi kaw sàmm si. Maay nangoo
sama gàtt ci seeni loxo, dakkal seenug
càmm, ndax ñu noppee sàmm seen bopp.
Maay foqatee samag jur ci seeni sell, ba
dootuñu leen ndawaloo.
11 «“Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax
ne: Man ci sama bopp, maa ngii di wër
samag jur, maa leen di seet.
12 Ni ab sàmm di seete ag juram fu ñu
tasaaroo, ni laay seete samag jur, ba
xettali leen ci mboolem fu ñu tasaarooji
woon bésub xàmbaar gu lëndëm këruus.
13 Maa leen di seppee ci xeet yi, génnee
leen ci réew yi, dajale leen, yóbbu leen fa
seen suufas bopp. Maa leen di sàmm ci
kaw tundi Israayil ak biir xunt yaak
mboolem fu ñu dëkke ci biir réew mi.
14 Ay parlu yu baax laa leen di sàmme,
kaw tundi Israayil yu kawe ya di seen
parluwaay. Foofa lañuy goore parluwaay
yu baax, te ñax mu naat lañuy for foofa ca
kaw tundi Israayil.
15 Man mii maay sàmm samay gàtt te
maa leen di gooral. Kàddug Boroom bi Aji
Sax jee.
16 Bu ci réer, maa lay seet; bu ci xàjjiku,
maa lay delloosi; bu ci damm, maa yeew
ba mu dëgër; bu ci néew doole, ma leqali
la. Waaye bu ci duuf, am doole, maa lay
sànk, sàmm la, def li war ci yaw.
17 «“Waaye Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Yeen sama gàtt yi, maa ngii di
àttesi diggante xar ak moroom ma, ak
diggante kuuy yi ak sikket yi.
18 Xanaa sàmme parlu mu baax mi da
leena doyul, ba ngeen di dëggaate li des ci
seen parlu mi? Am naan ndox mu teey
doyatu leen, ba bu ngeen naanee ba
màndi, di wéqu ngir nëxal ndox mi?
19 Luy ndeyi sama gàtt yi ci des di for li
ngeen dëggaate, di naan ndox mi ngeen
nëxal?
20 «“Moo tax Boroom bi Aji Sax ji da
leena wax ne: Maa ngi nii di àttesi
diggante gàtt bu duuf ak gàtt bu yooy.
21 Gannaaw yeen wet ak mbagg ngeen
di buuxee, di dañe seeni béjjén mboolem
gàtt yu néew doole yi, ba tasaare leen ca
biti,
22 man maay wallu samag jur, ba
deesatu leen fàdd te maay àtte diggante
gàtt ak moroom ma.
23 «“Gannaaw loolu maa leen di
waajalal ab sàmm bu leen di sàmm.
Kookooy Daawuda sama jaam bi. Moom
moo leen di sàmm, mooy seen sàmmkat.
24 Man Aji Sax ji maay doon seen Yàlla,
Daawuda sama jaam bi mooy garmi biy
soqikoo ci ñoom. Man Aji Sax ji maa ko
wax.
25 «“Maay fas ak ñoom kóllëreg jàmm,
maay far ci réew mi wépp rab wu aay. Su
boobaa ñu dëkk ci màndiŋ mi ci xel mu dal,
di fore bët ci biir gott bi.
26 Maa leen def ñuy barke, ñook fi wër
sama tund wi, bu jotee ma tawal leen, te
tawu barke lay doon.
27 Garabi àll bi di meññ, suuf si nangu,
ñu dëkke seen suufas bopp ci xel mu dal.
Bu ma dammee seeni jéng, xettali leen ci
dooley ñi leen defoon jaam, dinañu xam
ne maay Aji Sax ji.
28 Dootuñu doon sëxëtoom xeet yi, te rabi
àll yi dootuñu leen lekk. Dañuy dëkke xel
mu dal, te kenn du leen tiitalati.
29 Maa leen di sàkkal tóokëru jàmm ba ab
xiif dootu fi lore ci réew mi, te dootuñu
jànkoonteek kókkaliy yéefar yi.
30 Su boobaa ñu xam ne maay seen Yàlla
Aji Sax ji ànd ak ñoom, ñoom ñuy waa kër

Israayil sama ñoñ. Kàddug Boroom bi Aji
Sax jee.
31 «“Yeen sama jur gi, sama juru parlu
mi, yeenay nit ñi may sàmm, may seen
Yàlla. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.”»

# 35

## *Waxyu dal na Edom*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, neel jàkk tundu Seyir*, nga
jottali kàdduy waxyu jëme ci kaw askan wi.
3 Nga wax ko, ne ko: “Boroom bi Aji Sax
ji dafa wax ne:
Yaw tundu Seyir, maa ngii fi sa kaw.
Maa lay dóor sama loxo,
nar laa def gent bu wéet.
4 Say dëkk, jali doj laa koy def,
nga gental,
ba xam ne maay Aji Sax ji.

5 «“Dangaa masa bañ bànni Israayil.
Ba musibay bànni Israayil taxawee,
ba seen àppu mbugal mat sëkk,
yaa leen jañax ci kaw ñaawkay saamar.
6 Moo tax giñ naa ko ci man miy dund,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
deret laa lay sange,
deret topp la,
ndegam bañuloo tuur deret,
deret a lay topp.
7 Maay def tundu Seyir gent bu wéet,
maa fay jële nit ku fay génne ak ku fay
dugge.
8 Maay feesaley tundam nit ñu ñu bóom,
tundam yu ndaw aki xuram aki xuntam,
fa la ñi ñu bóome saamar naan lareet.
9 Ay gent yu gental fàww laa laay def,
say dëkk, deesu ko dëkkeeti.
Su boobaa ngeen xam ne maay Aji Sax ji.

10 «“Edom, yaa ngi naan:
‘Ñaari làngi giir yii† dëkke seen ñaari réew
yii,
maa leen moom, noo ciy teg loxo.’
Yaa ko wax doonte man Aji Sax ji maa fa
nekk.
11 Moo tax giñ naa ko ci man miy dund,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
ni nga mbugale bànni Israayil ci sa biir
mer,
ak sa kiñaan ak sa mbañeel,
ni laa lay mbugale.
Maay dogal sab àtte, ba xamal ñii maay
kan.
12 Su boobaa nga xam ne man Aji Sax ji,
maa dégg sa jépp waxi ñàkk kersa ja nga
nee:
‘Tundi Israayil a ngii ne tasar,
dim sëxëtoo mu ñu nu wërsëgale.’
13 Yeenay damu fi sama kaw,
di ma wax waxi reewande ju bare!
Maa déggal sama bopp.
14 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Bu àddina sépp di bànneexu,
yaw, ab gent laa lay def.
15 Yaa doon bége suufas Israayil su gental.
Noonu laa lay def.
Ab gent ngay doon, yaw tundu Seyir,
yaak Edom gépp ba mu daj.
Su boobaa ñu xam ne maay Aji Sax ji.”

# 36

## *Barke ñeel na tundi Israayil*

1 «Yaw nit ki, jottalil tundi Israayil
kàdduy waxyu. Neel:
“Yeen tundi Israayil,
dégluleen kàddug Aji Sax ji.
2 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Gannaaw noon bee ne leen: ‘Ñaw!
Seen kawte yu yàgg yii,
tey nooy boroom.’ ”
3 Kon jottalil kàdduy waxyu, ne leen:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Wet gu ne lañu leen same, yàqate leen,
ba ngeen mujj di moomeelu yéefar yi,
ñépp di leen jëw aka tooge,
4 kon nag yeen tundi Israayil,
dégluleen kàddug Boroom bi Aji Sax ji.
Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ak tund yu
mag yeek yu ndaw yi ak xunt yeek
xur yi,
ak ndànd-foyfoy yu wéet yeek dëkk yi
gental,
te xeet ya ñu dëkkal sëxëtoo leen, yab leen.
5 Boroom bi Aji Sax ji nag dafa wax ne:
Maa ngii déy di waxe sama tàngooru
fiiraange

* **35.2 *Seyir*** mooy réewum Edom, cosaanu Esawu sëtub Ibraayma. † **35.10 *ñaari làngi giir yi,*** Israayil laak Yuda.

ak xeet yi dul yawut, boole ci Edom gépp,
ñoom ñi jiital seen xeebeel,
te suuf si ma séddoo, ñu aakimoo ko,
te di ko bége mbégte mu mat sëkk,
ngir sëxëtoo parluy réew mi.”
6 Kon nag, jottalil kàdduy waxyu suufas Israayil
te wax ak tund yu mag yeek yu ndaw yi
ak xunt yeek xur yi, ne leen:
“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Maa ngii di waxe fiiraange ak xadar
ndax toroxte gi leen xeet yi teg.
7 Loolu tax na Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Man maa giñ ne yéefar yi leen séq ñooy tegoo toroxte.

8 «“Waaye yeen tundi Israayil, yeenay naat,
di meññal Israayil sama ñoñ,
te léegi ñu ñibbisi.
9 Maa ngii déy maak yeen,
maa leen di geesu,
te seen suuf, dees na ko ruuj, ji ko.
10 Maa leen di fulal aw nit, ci biir Israayil gépp ba mu daj,
ñu dëkkewaat dëkk yu mag yi,
tabaxaat bayaal yi.
11 Yeen tund yi, maa leen di fulal nit ak mala,
ñu giir, nangule.
Maay def ñu dëkke leen na woon,
baaxe leen lu raw démb,
ba ngeen xam ne maay Aji Sax ji.
12 Yaw suufas Israayil, maay doxloo nit fi sa kaw,
muy waa Israayil sama ñoñ,
ñu jagoo la, séddoo la,
te dootoo sabab seenug deele.

13 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Nee ñu réewum Israayil mooy dëmm buy lekk boppam
te di xañ askan wi ay doomam.
14 Kon yaay réew mu dootul dëmme,
bay reylu saw xeet.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
15 Dootuma la dégtal ñàkk kersay yéefar yi,
dootoo dékku yabeelu xeet yi,
te dootoo reylu saw xeet,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee.”»

## *Israayil yeeslu, Yàlla di sell ba tey*

16 Kàddug Aji Sax ji dikkalati ma ne ma:
17 «Yaw nit ki, ba waa kër Israayil dëkkee
seen suufas bopp, dañu koo sobeel ak seen
jikko ak seeni jëf, seen jëfin mel ni sagaru
sobe ci man.
18 Ma xëpp leen sama xadar ndax deret
ji ñu tuur ci réew mi, ak kasaray tuur yi ñu
ko sobeele.
19 Ma tasaare leen ci biir yéefar yi, ñu
wasaaroo fi biir réew yi. Seen jikko ak
seeni jëf laa leen àttee.
20 Waaye fu ñu dem ca biir yéefar ya,
teddadil nañu fa sama tur wu sell, nit ña di
leen waxtaane, naan: “Ñii de, ñoñi Aji Sax
ji lañu, teewul ca réewam ma lañu bàyyikoo
nii.”
21 Moo tax ma daldi seet ci sama
teddaayu tur wu sell wi waa kër Israayil di
teddadil fi biir yéefar yi ñu fekki.
22 «Moo tax nanga wax waa kër Israayil,
ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yeen waa kër Israayil, li may waaja def, du
yeen laa ci seet, li ma ci seet mooy sama
teddaayu tur wu sell wi ngeen teddadil fi
digg yéefar yi ngeen fekki.
23 Kon dinaa fésal sama sellaayu tur wu
màgg wi ñu teddadil fi biir yéefar yi, sama
tur wi ngeen teddadil fi seen biir. Ci yeen
laay fésale sama sellaay, yéefar yiy gis, ba
xam ne maay Aji Sax ji. Kàddug Boroom bi
Aji Sax jee.
24 Maa leen di seppee ci yéefar yi, dajale
leen ci mépp réew, delloosi leen fi seen
suufas bopp.
25 Maa leen di wis ndox mu set, ngeen
set. Mboolem seen sobe ak mboolem seen
kasaray tuur laa leen di setalal.
26 Maa leen di jox xol bu yees, te xel mu
yees laay def ci seen dënn. Xolu doj bi laay
roccee ci seen suux, wecceel leen ko xol
yu nooye ni suux,
27 te samam xel laay yeb fi seen biir
dënn, ba dogal ngeen mana topp sama
dogali yoon, di sàmm aka jëfe sama àttey
yoon.
28 Su boobaa ngeen mana dëkke réew mi
ma joxoon seeni maam, di sama ñoñ, may
seen Yàlla.
29 Maa leen di musal ci seen mboolem
sobe, maay woo am pepp, ful ko, te

dootuma leen teg ab xiif.
30 Maay ful doomu garab ak meññeefum
tool, ba dootuleen am gàccey xiif fi digg
yéefar yi.
31 Su boobaa yeenay fàttaliku seen jikko
yu bon yaak seen jëf ju baaxul. Su ko
defee ngeen jéppi seen bopp ndax seeni
ñaawtéef ak seen jëf ju siblu.
32 Du yeena tax nag may jëfe noonu.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee. Na leen
loolu wóor. Kon nag yeen waa Israayil,
rusleen ba ne tott ci seeni jëfin.
33 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Bés bu ma leen setalee ba ngeen tàggook
seen mboolem ñaawtéef, dinaa delloo dëkk
yu mag yi aw nit, gent yi tabaxewaat.
34 Mbooy gu wéet gi, dees na ko beyaat,
ba mu wuuteek ab wéetaay, ni wéetaay ba
ñépp ñi fa jaare seede woon.
35 Su boobaa dees na ne: ‘Xoolleen miim
réew, ak mbooy gi mu doonoon, tey mu
naat ni toolub Àjjana! Dëkk yi it ay gent la
woon, wéet, tojatoo, tey ñu dàbbali lépp, ba
dëkke nii!’
36 Su boobaa seen dëkkandooy yéefar yi fi
des dinañu xam ne man Aji Sax ji maa
tabaxaat dëkk yu mag yi tojatoo woon,
jëmbataat mbooy gi. Man Aji Sax ji, maa
wax te maay jëf.”
37 «Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Lii
laay nangulaatal waa kër Israayil, defal
leen ko: maay ful nit ñi niy gàtt.
38 Bu màggal masaa am, Yerusalem day
fees ak gàtt yu ñuy rendi, sarxal. Nit ñiy
dëkkewaat genti tey yii, noonu lañuy baree.
Su boobaa ñu xam ne maay Aji Sax ji.»

# 37

*Israayil dekki na*

1 Gannaaw loolu loxol Aji Sax ji da maa
dikkal. Aji Sax ji yóbbu ma ci ngelawam,
ba teg ma ca digg joor ga, fekk joor ga fees
dell aki yax.
2 Mu wërloo maa wërloo ca biir yax ya,
ndeke yax yaa nga bare lool te wow koŋŋ
ca biir joor ga.
3 Mu ne ma: «Yaw nit ki, ma ne, yii yax
ndax man naa dundaat?» Ma ne ko:
«Boroom bi Aji Sax ji, loolu de, yaw doŋŋ a
ko xam.»
4 Mu ne ma: «Jottalil kàdduy waxyu fi
kaw yax yii, ne leen: “Yeen yax yu wow yi,
dégluleen kàddug Aji Sax ji:
5 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax yax yii,
ne leen: Maa ngii di leen sol ag noo, ngeen
dund.
6 Maa leen di may ay siddit, saxal leen
aw suux, sànge leen ab der, sol leen ag noo,
ngeen dund, ba xam ne maay Aji Sax ji.”»
7 Ma jottali kàdduy waxyu na mu ma ko
sante. Naka laa jottali kàdduy waxyu rekk,
coow daldi jib, ànd akum riir, fekk yax
yaay booloo, bu nekk ak ba muy àndal.
8 Ma gis ay siddit taq ca, aw suux sax ca
kaw, ab der dikk, tege ca kaw, te genn noo
amu ca.
9 Mu ne ma: «Yaw nit ki, jottalil noo gi
kàdduy waxyu, jottali ko kàdduy waxyu ne
ko: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Yaw
noo gi, bàyyikool ñeenti yooni ngelaw yi te
dikk, wal fi biir ñii ñu bóom, ba ñu dund.”»
10 Ma def la mu ma sant, jottali kàdduy
waxyu, noo ga dikk, duggsi, ñu dundaat,
jóg taxaw, di gàngoor gu baree bare.
11 Mu ne ma: «Yaw nit ki, yax yii ñooy
mboolem waa kër Israayil. Ñu ngi naan:
“Nun de, ay yaxi neen yu wow koŋŋ lanu,
sunu yaakaar tas na, nun kay yàqu nanu.”
12 Kon nag jottalil kàdduy waxyu, ne
leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yeen sama ñoñ, maa ngii di ubbisi seeni
bàmmeel, dekkale leen ca seeni bàmmeel,
delloosi leen kaw suufas Israayil.
13 Yeen sama ñoñ, bu ma ubbee seeni
bàmmeel, ba yékkatee leen fa, dingeen xam
ne maay Aji Sax ji.
14 Maa leen di sol samag noo, ngeen
dund, ma samp leen ci seen suufas bopp,
ba ngeen xam ne man Aji Sax ji maa wax,
maa def. Kàddug Aji Sax jee.”»

*Israayil, genn giir, benn buur*

15 Ba loolu wéyee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma ne ma:
16 «Yaw nit ki, wutal bant, nga bind ci
kaw lii: “Ñeel Yuda ak giiri Israayil yi mu
àndal.” Nga wutaat beneen bant, bind ci
kawam: “Ñeel Yuusufa, bantu Efrayim, ak
waa kër Israayil yi mu àndal,”
17 te nga boole ñaari bant yi, ñu booloo,
di benn bant ci sa loxo.

18 Bu la sa bokk yi laajee, ne la: “Xanaa doo nu wax lii lu muy tekki?”
19 nanga leen wax ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di jël bantu Yuusufa wi ci loxol Efrayim, mook giiri Israayil yi mu àndal, boole kook bantu Yuda, daldi def lépp benn bant, ñu booloo di benn ci sama loxo.”
20 «Nanga yore bant yi nga bind, ñuy gis,
21 te nga wax leen ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Maa ngii di jëleji bànni Israayil ca biir xeet ya ñu fekki, dajalee leen wet gu nekk, delloosi leen ci seen suufas bopp.
22 Maa leen di def wenn xeet doŋŋ ci réew mi, ci kaw tundi Israayil, ñoom ñépp bokk benn buur. Dootuñu doon ñaari xeet te dootuñu xàjjalikoo ñaari nguur.
23 Dootuñu sobeel seen bopp ci ay kasaray tuur ak seen jëf ju siblook mboolem seeni tooñ. Maa leen di walloo ci mboolem seen ñàkk kóllëre. Ma setal leen, ñu doon sama ñoñ, ma doon seen Yàlla.
24 «“Daawuda sama jaam baay doon seen buur, di seen bennub sàmm ñoom ñépp. Sama àttey yoon lañuy doxe, sama dogali yoon lañuy sàmm, di ko jëfe.
25 Ñooy dëkke réew mi ma joxoon Yanqóoba sama jaam ba, te seeni maam dëkke woon ko. Ñu dëkke ko ñoom it, ñook seeni doom ak seeni sët, ba fàww, te Daawuda sama jaam ba mooy doon seen boroom jal ba fàww.
26 Maay fas ak ñoom kóllëreg jàmm gu sax. Maa leen di samp, ful leen, maay samp sama kër gu sell fi seen biir, ba fàww,
27 sama dëkkuwaay nekk fi seen biir, may seen Yàlla, ñuy sama ñoñ.
28 Bu sama kër gu sell nekkee fi seen biir ba fàww, xeet yi dinañu xam ne man Aji Sax ji maa sellal Israayil.”»

# 38

## *Waxyu dal na Gog*

1 Kàddug Aji Sax ji dikkal na ma ne ma:
2 «Yaw nit ki, neel jàkk Gog ma ca réewum Magog, boroom Meseg ak Tubal, te nga jottali kàdduy waxyu jëme ci kawam.
3 Neel: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yaw Gog, kilifa gi ñu ràññee ci Meseg ak Tubal,
maa ngi nii fi sa kaw.
4 Maa lay wañãi, we say ŋaam ay lonku,
génne la yaak sa mbooloo mépp ak fas ak gawar,
ñépp gànnaayu ba diis,
di gàngoor gu yaa, ak pakk yu mag ak yu ndaw,
ñépp mane saamar.
5 Waa Pers, waa Kuus ak waa Puut ay ànd ak yeen,
ñoom ñépp fàggoo pakk ak mbaxanam xare.
6 Gomeer indaale gàngooram gépp,
ak Bet Togarma ga ca catal bëj-gànnaar, ak gàngooram yépp,
ñuy xeet yu takku, ànd ak yaw.

7 «“Nanga waajal a waajal,
yaak mboolem sa ndaje mi dajesi fi yaw,
nga doon seen wattukat.
8 Feek lu yàgg dees na la woo.
Bu ay at jàlle ba jeex, yaay songi am réew
mu nit ña rëcc ci saamar,
ba jóge ci ay xeeti xeet,
dajeji ca kaw tundi Israayil ya yàggoona wéet.
Ñooñoo seppikoo ci xeeti àddina yi,
ñoom ñépp dëkksi fa ci biir xel mu dal.
9 Waaye yaa naa jàyy ni ngëlén,
mel ni aw xiin,
muur réew mi, yaak sa gàngoor yépp,
ak xeeti xeet yi ànd ak yaw.

10 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Bésub keroog, ay xalaat dikkal la,
nga mébét mébét mu bon,
11 daldi ne: ‘Maay songi réew mu ne ŋàpp,
maay dali ca kaw waa réew mu ne finaax,
dëkke xel mu dal,
te du tata ju wër fu ñu dëkke, ñoom ñépp,
du buntu dëkk, du tëjukaayu bunt.’
12 Yaay dikk ngir foqati, sëxëtoo alal,
daldi aakimoo genti démb yu ñu dëkke tey,
ña fa ne di mbooloo mu ñu seppee ci xeet yi,
amug jur aki alal,
te dëkke léegi ci diggu àddina.
13 Waa Seba ak Dedan ak julay Tarsis,

ak mboolem seeni boroom daraja ñoo lay
wax ne la:
‘Ndax nangu alal a la yékkati?
Ndax sëxëtoo alalu xaree la taxa bàbbi sa
gàngoor,
ngir yóbbu xaalis ak wurus,
nangu jur ak alal, ba dajalee ca xare ba
koom gu takku?’ ”
14 «Kon nag yaw nit ki, jottalil kàdduy
waxyu, waxal Gog, ne ko: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne:
Bésub keroog déy,
bu Israayil sama ñoñ sancsee xel mu dal,
dinga ko yég,
15 ba bàyyikoo sa màkkaan, ca catal
bëj-gànnaar,
yaak xeet yu bare yu ànd ak yaw,
ñoom ñépp war fas,
di gàngoor gu mag, di mbooloo mu bare.
16 Yaay songi Israayil, sama ñoñ,
mel ni aw niir, muur réew ma.
Fan yu mujj ya la loolu di am,
maa lay yóbbu yaw Gog, ba ca réew ma ma
séddoo.
Maa lay firndeele sama sellaay,
ngir xeet yi gis, ba xam maay kan.

17 «“Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
Yaw déy, laa doon wax bu yàgg,
yonenti Israayil, sama jaam ña jottali ko
ca yooya jant,
ñu jottali kàdduy waxyu ay ati at,
ne maa lay dalloo ci sama kaw ñoñ.
18 Bésub keroog, ba Gog di dalsi ca kaw
réewum Israayil,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
sama xadaru mer ay fettax.
19 Sama fiiraange ak sama tàngooru xadar
laa birale ne,
bésub keroog déy, suuf dina yëngoo Israayil
lool;
20 jën ak njanaaw di lox fi sama kanam,
ñook rabu àll yi ak mboolem luy raam
ak kuy nit fi kaw suuf.
Tund yi màbb, doji mbartal ya fàqandoo,
tata yépp jóoroondoo.
21 Ca laay wool mbooloom Gog saamar fa
sama kaw tund yépp,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
mbokk di jam mbokk saamar.
22 Maa koy mbugale mbas ak deret ju
tuuru,
ak wali waameek doji yuur,
ak tawub sawaraak tamarax, mooki
gàngooram,
ak xeet yu bare yi ànd ak moom.
23 Maay biralee noonu sama màggaay ak
sama sellaay,
maa niy xamlee sama bopp,
yéefar yu bare di gis,
ba xam ne maay Aji Sax ji.”

# 39

*Gàngooru Gog sànku na*

1 «Yaw nit ki nag, jottalil kàdduy waxyu
jëme ci kaw Gog, nga ne: “Boroom bi Aji
Sax ji dafa wax ne: Maa ngii fi sa kaw, yaw
Gog, boroom Meseg ak Tubal.
2 Maa lay waññi, yóbbu la, jële la catal
bëj-gànnaar, yéege la ca kaw tundi Israayil.
3 Maay féle sa xala ci sa loxol càmmoñ,
féle say fitt ci sa loxol ndijoor, waddal.
4 Ca kaw tundi Israayil ngay daanu,
yaak mboolem say gàngoor, ak mbooloo yi
ànd ak yaw. Tan yeek lépp luy njanaaw ak
ndundati àll bi laa lay jox, leele la leen.
5 Ci biir àll bi nga naa lareet. Man de
maa ko wax! Kàddug Boroom bi Aji Sax
jee.
6 Maay yebal sawara fa Magog, ak fa
waa dun ya dëkke jàmm, ba ñu xam ne
maay Aji Sax ji.
7 Sama tur wu sell laay xamle fi digg
Israayil sama ñoñ, te dootuma seetaan ñuy
teddadil sama tur wu sell wi. Yéefar yi
dinañu xam ne maay Aji Sax ji, Aji Sell ju
Israayil ji.
8 «“Bés baa ngii di ñëw te dina dikk,
kàddug Boroom bi Aji Sax jee. Bés bii laa
waxoon.
9 Waa dëkki Israayil ay génnandoo,
booley ngànnaay, xambeb taal; pakk bu
mag ak bu ndaw, xalaaki fitt, ngajjook
xeej, taaloo ko diiru juróom ñaari at,
10 ba dootuñu taxani, dootuñu gori ca
gott ya, gànnaay ya lañuy taaloo, te ñooy
futti ñu leen futti woon, di sëxëtoo ña leen
sëxëtoo woon. Kàddug Boroom bi Aji Sax
jee.
11 Bésub keroog laay may Gog ab pàkk,
mu def koy sëg fi biir Israayil; mooy xuru

jaarukaay wiy dog yoonu képp ku fa jaare,
te féete yoonu penku wi jëm géeju Xorom
ga. Fa lañuy rob Gog ak gàngooram gépp, ñu
di ko woowe xuru Gàngooru Gog.
12 Juróom ñaari weer waa kër Israayil di
leen rob, ngir setal réew mi.
13 Waa réew mépp a leen di robandoo, te
bésub keroog ma darajaal sama bopp, ñu
doxe ca siiw. Kàddug Boroom bi Aji Sax
jee.
14 Dañuy tabb nit ñu féetewoo di wër réew
mi, ñu àndandook tukkikat yi, di rob néew
yi des ci àll bi, ngir setal ko. Bu juróom
ñaari weer yi jeexee ñu tàmbalee seetaat.
15 Wërkat yooyooy wër réew mi ba mu
daj, ku ci gis yaxi nit, sàkk xàmmikaay ca
wet ga, ngir robkat yi dikk, robi ko ca xuru
Gàngooru Gog,
16 ba far am dëkk bu ñuy woowe Amona
(muy firi Gàngoor). Noonu lañuy setale
réew mi.”
17 «Yaw nit ki nag, Boroom bi Aji Sax ji
dafa wax ne: Waxal picc yi ak mboolem
njanaaw yi ak rabi àll yépp, ne leen:
“Dajalooleen, jóge fu ne, dikk, dajesi ci
sama sarax si ma leen di rendil, muy
sarax su mag fa kaw tundi Israayil, ngeen
lekk yàpp, naan deret.
18 Yàppu xarekat ngeen di lekk, naan
deretu garmiy réew mi, ñooy seeni kuuy
aki tàppaanga aki sikket aki yëkk, ñoom
ñépp mel ni juru yafal yuy fore jooru
Basan.
19 Dingeen lekk nebbon ba regg, naan
deret ba màndi ci sama sarax si ma leen
rendil.
20 Sama ndab ngeen di regge méddu fas
ak boroom watiir ak méddu jàmbaar ak
méddu bépp xarekat.” Kàddug Boroom bi
Aji Sax jee.
21 Maay biralal yéefar yi sama daraja,
yéefar yépp gis àtte yi ma dogal ak sama
diisaayu loxo bi ma leen teg.
22 Bésub keroog la waa kër Israayil di
dale xam ne maay seen Yàlla Aji Sax ji.

### *Aji Sax ji ñoŋal na sellaayam*

23 «Kon yéefar yi dinañu xam ne ñaawtéefi
waa kër Israayil moo leen yóbbe ngàllo
ndax la ñu ma ñàkke worma, ba ma xañ
leen sama kanam, teg leen ci seen loxoy
noon, ñu faate leen saamar.
24 Seeni sobeek seeni tooñ laa jëflanteek
ñoom, ba xañ leen sama kanam.
25 «Kon nag Boroom bi Aji Sax ji dafa
wax ne: Léegi maay tijji wërsëgu Yanqóoba,
maay ñeewante waa kër Israayil googu
gépp, te maay fiire sama tur wu sell wi.
26 Bu ñu dëkkee seenum réew ci xel mu
dal, kenn lëjalu leen, ñooy gàddu seen
gàcce, ak gépp ñàkk worma gu ñu ma ñàkke
woon worma.
27 Bu ma leen jëlee ci xeet yi, delloosi
leen, maa leen di dajalee ca seen réewi
noon yooya, maa leen di fésale sama
sellaay, yéefar yu bare teg ci bët.
28 Dinañu xam ne maay seen Yàlla Aji
Sax ji leen yóbbu woon ngàllo ca yéefar ya,
ba noppi delloosi leen ci seen suuf, te
bawuma kenn gannaaw.
29 Gannaaw bu ma walee waa kër
Israayil sama noo, dootuma leen xañ
sama kanam. Kàddug Boroom bi Aji Sax
jee.»

# 40

### *Esekiyel gis na kër Yàlla gu bees*

1 Ba ñu duggee ca ñaar fukkeelu at maak
juróom gannaaw ba ñu nu yóbboo ngàllo,
mu yemook fukki at ak ñeent gannaaw ba
ñu nangoo Yerusalem, bésub keroog booba
yemook fukki fan, loxol Aji Sax ji dikk na
fi sama kaw. Mu yóbbu ma ba foofa.
2 Ci biir peeñuy Yàlla la ma yóbbu ba
réewum Israayil, wàcce ma ci kaw tund wu
kawee kawe. Mu am fa ca wetu bëj-saalum
luy nirook tabaxi dëkk bu mag.
3 Ba mu ma yóbboo ba foofa, ma jekki
yem ci nit ku am melow xànjar, yor buumu
lẽe ak yetu nattukaay. Ma nga taxaw ca
buntu kër ga ñuy jàlle ba dugg ca biir.
4 Waa ja ne ma: «Yaw nit ki, xoolal bu
baax, teewlool say nopp te def sam xel ci
mboolem li ma lay won. Ngir won la moo
tax ñu indi la ba fii. Mboolem loo gis,
nanga ko àgge waa kër Israayil.»

### *Natt nañu miir baak këru jàllukaay ba féete penku*

5 Ma jekki gis ab miir bu wër kër Yàlla gi
ba mu daj. Waa jaa nga ŋàbb yetu

nattukaay bu gudde ni juróom benni
xasab* yu teg yaatuwaayu catu loxo†. Mu
natt talaayu miir ba, muy wenn yet,
taxawaay ba it di wenn yet‡.
6 Mu dem ca këru jàllukaay ba féete
penku, yéeg dëggastal ya, daldi natt
guddaayu dëxu biir këru jàllukaay ba, muy
wenn yet. Benn dëx bi rekk, wenn yet la.
7 Néegi wattukat yi nekk ci këru jàllukaay
ba ab kaare la bu wetam di wenn yet.
Diggante ñaari néeg yu nekk, miiru
juróomi xasab moo ca dox. Mbaar ma ca
gannaaw, ab dëxam wenn yet la.
8 Mu natt néegu mbaaru këru jàllukaay ba
ca biiram,
9 muy juróom ñetti xasab, ay jënam dëlle
ñaari xasab. Mbaar maa nga janook néegu
Yàlla ba.
10 Néegi wattukati këru jàllukaay ba féete
penkub kër Yàlla ga, ñett la wet gii, ñett wet
gee, yépp tolloo, te miir yi leen séq ñoo
tolloo yaatuwaay.

11 Waa ja natt yaatuwaayu buntu kër
jàllukaay bi. Bu ubbikoo, muy fukki xasab,
yaatuwaayu bunt bi di fukki xasab ak ñett,
boo ci boolee jën yi.
12 Néegi wattukat yi bindoo juróom
benni xasab wet gu nekk. Fi janook seeni
bunt ab miir bu gàtt a fa nekk, guddaay ba
di xasab, dëllaayu miir ba di xasab.
13 Mu natt yaatuwaayu kër ga diggante
miiru biiru benn néeg, ak miiru biiru
moroom ma mu jàkkaarlool, muy ñaar
fukki xasab ab juróom.
14 Mu natt ñaari jëni mbaar mi, taxawaay
ba di juróom benn fukki xasab. Ëttu kër Aji
Sax ji féete këru jàllukaay wet gu nekk.
15 Diggante buntu kër jàllukaay ba ca
kanam, ba fa mbaar ma jeexe ca
gannaaw, juróom fukki xasab la.
16 Néegi wattukat yi ak miir yi nekk seen
diggante am nañu ay palanteeri biir yu
ànd aki caax, te wër néeg yi ba dajal. Néegu
mbaar mi itam am ay palanteeri biir yu
wër ba dajal. Miir yi ci biir kër jàllukaay ba,
ay nataali garabi tàndarma lañu ñaas ca
seen kaw.

### *Natt nañu ëttu biti ba*

17 Waa ja yóbbu ma, ba ca ëttu biti ba,
mu am fa ab dër bu dajal ëtt ba, fanweeri
néeg sësu ca miir ba.
18 Dër ba daa wër këri jàllukaay yi. Dëru
ëttu biti bi nag moo gëna suufe bu ëttu biir
ba.
19 Waa ja natt diggante këru jàllukaay ba
féeteek ëttu biti ba, ak ëttu biir ba, muy
téeméeri xasab. Loola di wetu penku, mu
teg ca wetu bëj-gànnaar ba.

### *Natt nañu kër ga féete bëj-gànnaar, jàll ca ëttu biti ba*

20 Mu natt guddaay ba ak yaatuwaayu
këru jàllukaay ba féete bëj-gànnaar, te jëm ca
ëttu biti ba.
21 Néegi wattukat ya di ñett ca genn wet,
ñett ca wet ga ca des, ak miir yi nekk ci
seen diggante, ak néegu mbaar ma, ñook
yu këru jàllukaayu penku ba, ñoo yem.
Guddaayu kër ga di juróom fukki xasab,
yaatuwaay ba di ñaar fukki xasab ak
juróom.
22 Ay palanteeram ak mbaaram ak
nataali garabi tàndarmaam it, lépp a bokk
dayo ak yu këru jàllukaay ba féete penku.
Juróom ñaari dëggastal ngay yéeg, ba ca
këru jàllukaay ba. Mbaaram ma janook ëttu
biti ba.
23 Niki këru jàllukaay ba féete penku bi
rekk, noonu it la këru jàllukaay ba féete
bëj-gànnaar janook këru jàllukaay bay jàllale
ca ëttu biir ba. Mu natt diggante ñaari këru
jàllukaay ya jàkkaarloo, mu tollook téeméeri
xasab.

### *Natt nañu kër ga féete bëj-saalum, jàll ca ëttu biti ba*

24 Mu yóbbu ma ca wetu bëj-saalum, ma
yem ca këru jàllukaay bu bëj-saalum ba. Mu
natt ay jënam ak néegu mbaaram, ñu bokk
dayo di benn ak yu këru jàllukaay ya jiitu.
25 Foofu itam am na ay palanteer yu wër
kër ga ak néegu mbaar ma, ba mu daj,
nirook yeneen kër ya. Dayo ya it di benn:
juróom fukki xasab ci guddaay, ñaar fukki
xasab ak juróom ci yaatuwaay.
26 Juróom ñaari dëggastal ngay yéeg
janook néegu mbaar ma. Jën ya ko sëq, ay

* **40.5 *xasab*** mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc, di ñeent fukki sàntimet ak juróom. † **40.5 *catu loxo*** bu digg-dóomu di juróom ñaari sàntimet ak genn-wàll. ‡ **40.5 *yet wi*** di ñetti meetar yu teg tuuti.

nataali garabi tàndarma lañu ñaas ca seen kaw.
27 Foofu it ëttu biir ba am na këru jàllukaay ba féete bëj-saalum. Waa ja natt diggante ñaari këru jàllukaay ya jàkkaarloo te féete bëj-saalum, mu tollook téeméeri xasab.

*Natt nañu kër ga féete bëj-saalum, jàll ca ëttu biir ba*

28 Waa ja jaarale ma ca këru jàllukaay ba féete bëj-saalum ba, dugal ma ca ëttu biir ba. Mu natt këru jàllukaayu bëj-saalum boobee, dayo bi di benn, bokk ak këru jàllukaay yu ëttu biti ya.
29 Néegi wattukatam yaak miiri biiram ak néegu mbaaram, ak yeneen këru jàllukaay ya, lépp a bokk dayo. Kër ga ak néegu mbaaram ay palanteer a ko dajal, guddaayu këru jàllukaay ba di juróom fukki xasab, yaatuwaay ba di ñaar fukki xasab ak juróom.
30 Néeg yu ndaw yi wër ëttu biir bi ba mu daj, ñaar fukki xasab ak juróom la ci guddaay, juróomi xasab ci yaatuwaay.
31 Buntu mbaar maa ngay ubbikoo ca ëttu biti ba, ñu ñaas ca kaw jënam ya ay nataali garabi tàndarma. Juróom ñetti dëggastal lañu cay dugge.

*Natt nañu kër ga féete penku te jàll ca ëttu biir ba*

32 Waa ja jaare penku, dugal ma ca ëttu biir ba. Mu natt këru jàllukaayu penku boobu, dayo ya di benn.
33 Néegi wattukatam yaak miiri biiram ak néegu mbaaram, ak yeneen këru jàllukaay ya, lépp a bokk dayo. Kër ga ak néegu mbaaram ay palanteer a ko dajal, guddaayu këru jàllukaay ba di juróom fukki xasab, yaatuwaay ba di ñaar fukki xasab ak juróom.
34 Buntu mbaar maa ngay ubbikoo ca ëttu biti ba, ñu ñaas ca kaw jën yi séq bunt ba ay nataali garabi tàndarma. Juróom ñetti dëggastal lañu cay dugge.

*Natt nañu kër ga féete bëj-gànnaar te jàll ca ëttu biir ba*

35 Waa ja yóbbu ma ba ca këru jàllukaay bu bëj-gànnaar ba. Mu natt ko, mu bokk ak ya jiitu dayo.
36 Kër ga daa ànd aki néegu wattukatam aki jënam ak néegu mbaaram ak palanteer yu ko wër, ba mu daj. Guddaay ba di juróom fukki xasab, yaatuwaay ba di ñaar fukki xasab ak juróom.
37 Buntu mbaar maa ngay ubbikoo ca ëttu biti ba, ñu ñaas ca kaw jën yi séq bunt ba ay nataali garabi tàndarma. Juróom ñetti dëggastal lañu cay dugge.

*Natt nañu néegu carxal gi*

38 Am na néeg buy ubbikoo ci mbaaru këru jàllukaay bu bëj-gànnaar ba féete biir. Fa lañuy raxase yàppu saraxu rendi-dóomal.
39 Biir néegu mbaaru këru jàllukaay boobu, am na ñaari taabal ci cat lu nekk. Ca lañuy reye juri sarax yi. Muy saraxu rendi-dóomal, di saraxu póotum bàkkaar, di saraxu peyug tooñ.
40 Néegu peggu boobu ngay njëkka jot, soo demee ca biti, ñeenti taabal a nga fa, yu sëq dëggastal yi ñuy yéege këru jàllukaay bi féete bëj-gànnaar bi, ñaar ci genn wet, ñaar ci geneen wet.
41 Lépp di juróom ñetti taabal, ñeent ci biir néeg bi ak ñeent ci biti, ñu di ca rendi.
42 Ñeenti taabali saraxu rendi-dóomal ba, doji yatt lañu ko defare. Bu ci nekk di xasab ak genn-wàll, wet gu nekk, taxawaay ba di xasab. Ñu di ca teg jumtukaay yi ñuy rendee saraxu rendi-dóomal ak yeneen sarax.
43 Ñu sàkk ay lonku yu gudde ni catu loxo, wërale lonku ya ba mu daj ca biir. Yàppu sarax ya di tege ca kaw taabal ya.

*Natt nañu ëttu biir ba*

44 Mu jàlle ma ca ëttu biir ba. Ay néegi woykat a nga ca ëttu biir ba, benn bi ci wetu këru jàllukaayu bëj-gànnaar bi, jàkkaarlook bëj-saalum, beneen néeg bi ci wetu këru jàllukaayu penku bi, jàkkaarlook bëj-gànnaar.
45 Waa ja ne ma: «Néeg bii jàkkaarlook bëj-saalum ñeel na sarxalkat yiy sàmm ndénkaaneb kër Yàlla gi.
46 Néeg bi jàkkaarlook bëj-gànnaar nag ñeel na sarxalkat yiy sàmm ndénkaaneb sarxalukaay bi. Sarxalkat yépp di ay

§ **40.46** ***Cadog*** sarxalkat bu mag la woon ca jamonoy Buur Daawuda.

Leween, askanoo ci Cadog§. Ci biir
Leween ñi, ñi askanoo ci Cadog rekk a am
sañ-sañu jege Aji Sax ji, ngir liggéeyal ko.»
47 Waa ja natt ëttu biir ba, muy téeméeri
xasab wet gu nekk. Sarxalukaay baa nga
fa kanam néegu Yàlla ba.

*Natt nañu néegu Yàlla ba*

48 Mu jàlle ma ca mbaaru kër Yàlla ga,
daldi natt ñaari jëni buntu mbaar ya,
dëllaay ba di juróomi xasab, wet gu nekk.
Bunt ba, bu ubbikoo, di fukki xasab ak
ñeent, ñaari weti mbaar ma di ñetti xasab,
wet gu ci nekk.
49 Néegu mbaaru bunt bi gudde ñaar
fukki xasab, yaatoo fukki xasab ak ñaar.
Mu am fukki dëggastal yu ñuy yéege, jàll ca
biir, ñaari kenu séq ko, genn ci wet gu nekk
ci bunt bi.

## 41

1 Ba loolu amee waa ja jàlle ma ba ca
buntu néeg bu mag ba ca kër Yàlla ga. Mu
natt jën ya séq bunt ba, mu dëlle juróom
benni xasab ci ñaari wet yépp.
2 Yaatuwaayu bunt ba, fukki xasab la,
ñaari miiri wet yi ko séq, bu ci nekk di
juróomi xasab. Mu natt néeg bu mag bi ci
boppam, guddaay bi di ñeent fukki xasab,
yaatuwaay bi di ñaar fukki xasab.
3 Noonu mu jàll ca néegu biir ba, daldi
natt jëni bunt ba, mu dëlle ñaari xasab,
diggante ñaari jëni bunt bi di juróom benni
xasab, yaatuwaayi ñaari miiri wet yi séq
bunt bi, bu ci nekk di juróom ñaari xasab.
4 Mu natt néegu biir bi ci boppam, muy
ñaar fukki xasab wet gii, di ñaar fukki
xasab wetu néeg bu mag ba. Mu ne ma:
«Fii mooy néeg bu sella sell bi.»

*Natt nañu toftalu néegu Yàlla bi*

5 Mu natt miiru néegu Yàlla bi, mu dëlle
juróom benni xasab. Amoon na ay néeg yu
wër néegu Yàlla bi ci biti ba mu daj, bu ci
nekk yaatuwaay di ñeenti xasab.
6 Néegi wet yooyu ñetti taax yu tegloo la,
tollook néegu Yàlla bi ab taxawaay, taax
mu ci nekk di fanweeri néeg. Mu am ay
cëslaay yu saxe ci miiru néegu Yàlla bi, te
téye néegi wet yooyu, ba sësuñu rëkk ci
néeg bi ci boppam.
7 Taax mu ca gëna kawe, gën caa yaatu,
miir ba ànd ak moom gëna sew fi wër
néegu Yàlla bi ba mu daj. Noonu lañuy
yéege ay dëggastal, jóge ci suuf, jaare ca
taaxu digg ba, ba ca taax ma ca kaw.
8 Ma gis ne néegu Yàlla bi ab fondmaa bu
kawee ko wër, yenu ko, yenuwaale néegi
wet yi wër néegu Yàlla bi. Taxawaayu
fondmaa bi, su ñu ko nattee, day tollu ci
wenn yetu nattukaay wu mat, tollook
juróom benni xasab.
9-10 Néegi wet yi, seen miiru biti dëlle na
juróomi xasab. Ñu bàyyi ci diggante néegi
wet yi ak taaxi sarxalkat yi, jaarukaay bu
tollook ñaar fukki xasab, wër néegu Yàlla bi
ci ñetti wetam.
11 Am na ñaari bunt yu sar ci néegi wet yi
wër néegu Yàlla bi, jëm ci jaarukaay bu
dara amul. Benn bunt ba féete bëj-gànnaar;
benn ba, bëj-saalum, yaatuwaayu
jaarukaay bi wër néeg bi ba mu daj, di
juróomi xasab.

*Ber nañu ab tabax ca gannaaw*

12 Tabax bi féeteek dig-digalu ëtt bi ci
sowub néegu Yàlla bi, yaatuwaay bi juróom
ñaar fukki xasab la, guddaay bi di juróom
ñeent fukki xasab, dëllaayu miir ba di
juróomi xasab.
13 Waa ja daldi natt néegu Yàlla bi,
guddaay bi di téeméeri xasab; la dale
dig-digalu ëtt ba, ba ca catu tabaxu sowu
ba aki miiram itam di téeméeri xasab.
14 Kanamu néegu Yàlla bi féete penku
téeméeri xasab la, boo ci boolee dig-digali
ëtt yi séq néegu Yàlla bi.
15 Mu natt yaatuwaayu tabax ba ca
gannaaw te janook dig-digalu ëtt ba, boole
ca ñaari jaarukaay ya séq tabax ba, muy
téeméeri xasab.
Béreb bu sell bi nag, muy néeg bu mag
bi, di néegu biir bi, di mbaaru bunt bi
jàkkaarlook ëtt bi,
16 ak dëxi bunt yeek palanteeri caax
yeek jaarukaay yi ci ñetti wet yépp, ak ci
kanam dëx yi, lu ci nekk bant a ko lal. Ci
suuf ak ci kaw miir bi ba ca palanteer ya it
noonu, palanteer ya am ay caax.
17 Ci kaw buntu néegu Yàlla bi, ba ci biir
néegu Yàlla bi, jëm biti, ak kaw miir bi ko
wër, biir ak biti, lépp lañu natt.

18 Ñu yatt ca miir ya ay malaakay serub
ak garabi tàndarma; ñaari serub yu ne,
garabu tàndarmaa nga ca digg ba, te serub
bu ne am na ñaari kanam,
19 genn gi di kanamu nit, jublook genn
tàndarma, geneen gi di kanamu gaynde,
jublook geneen tàndarma. Noonu lañu
wëralee néeg bi ba mu daj.
20 Li ko dale ci suufu néeg bu mag bi, ba
ci kaw bunt yi, ak ci miir yi, fépp lañu yatt
serub yeek tàndarma yi.
21 Njëël bunt bi ak dëx bi, ak pegg yi ko
téye ab kaare la. Buntu néegu biir bu sell
ba it noonu la.
22 Am na sarxalukaay bu ñu defare bant,
taxawaay bi di ñetti xasab, guddaay bi di
ñaari xasab, yaatuwaay bi di ñaari xasab.
Mu ami coll akub tegukaay aki wet, lépp di
bant. Waa ji ne ma: «Taabal jii mooy
janook Aji Sax ji.»
23 Buntub ñaari laf lañuy dugge ca néeg
bu sell bu mag ba, di dugge beneen bunt
bu ni mel ca néegu biir bu sell ba.
24 Bunt yooyu, bu ci nekk ñaari laf yuy
warangiku la.
25 Ñu yatt ca buntu néeg bu mag ba ay
malaakay serub, ak garabi tàndarma yu
mel ni ya ñu yatt ca kaw miir ya. Catu
xaddu mbaaru bunt ba ca biti, aw dénk
lañu ko def.
26 Palanteeri caax yi ak miiri néegi wet
yi ak miiri mbaar mi ak ca kaw catu xadd
bay lang, wet gu ne, ay nataali tàndarmaa
nga ca.

# 42

## *Natt nañu taaxi sarxalkat yi*

1 Ba loolu amee waa ji jaarale ma ca
këru jàllukaay ba féete bëj-gànnaar ba, génne
ma ca ëttu biti ba. Mu yóbbu ma ca wetu
sowu ba, dugal ma ca tabax ba janook
dig-digalu ëtt ba te sësook miiru biir ba ca
wetu bëj-gànnaar ba.
2 Tabax boobu, guddaayam ci wetu
bëj-gànnaar ga féeteek bunt ba, téeméeri
xasab la, yaatuwaay ba di juróom fukki
xasab.
3 Ci genn wet tabax booboo ngi janook
ñaar fukki xasab yu bokk ci ëttu biir bi,
geneen wet gi janook dëru ëttu biti bi.
Tabax bi def na ñetti làngi taax yu tegloo.
4 Ci kanamu néeg yi féeteek ëttu biir bi,
am na jaarukaay bu yaatoo fukki xasab,
gudde téeméeri xasab. Néeg yooyu ca wetu
bëj-gànnaar lañu cay dugge.
5 Ñaari taax ya ca kawam nag, mu ci
nekk yaatuwaay bi yées ma ko féete suuf,
ndax taax mu gëna kawe moo ëpp
jaarukaay bu mu bàyyi fi kanamam.
6 Ñetti làngi taax la yu amul ay kenu ni
néegi ëtt bi ame ay kenu. Moo tax ruumi
taaxum kaw ma gëna xat yoy taaxum digg
ma, ak ma féete suuf.
7 Mu am miir bu làng ak néeg yooyu,
teqale leen ak ëttu biti bi, guddaayu miir
bi di juróom fukki xasab.
8 Ndax néeg yooyu féeteek ëttu biti ba,
guddaay ba bépp juróom fukki xasab la.
Waaye làngi néeg ya sësook néegu Yàlla ba,
guddaayam téeméeri xasab la.
9 Ca suufu néeg yooyu la am jaarukaayu
penku bu jëme ca biir néeg ya féete penku,
boo jógee ca ëttu biti ba.
10 Am na làngu néeg bu janook dig-digalu
ëtt ba, ak tabax ba ca gannaaw néegu Yàlla
ba. Làngu néeg boobu ma nga làng ak
miiru biti bi yaatuwaayam féete penku.
11 Mu ngi janook ab jàllukaay. Làngi néeg
yooyu daa bindoo ni bi féete bëj-gànnaar te
bokk ak ñoom guddaay ak yaatuwaay,
seeni bunt ak seeni dayo yépp di benn.
12 Bunti làngi néeg ya ca bëj-saalum it
noonu la. Ca catal jaarukaay ba, ab bunt a
nga fa, janoo màkk ak miir ba féete penku.
13 Ba loolu amee waa ji ne ma: «Néegi
bëj-gànnaar yeek néegi bëj-saalum yi janook
dig-digalu ëtt bi, ñooy néeg yu sell yi
sarxalkat yi jege Aji Sax ji, di lekke sarax
yu sella sell. Ca lañuy yeb sarax yu sella
sell yi it, muy saraxu pepp yeek saraxu
póotum bàkkaar yeek saraxu peyug tooñ yi,
ndax béreb bu sell la.
14 Sarxalkat yi, bu ñu duggee ci néeg bu
sell bi, dootuñu man daldi génn ci ëttu biti
bi. Ci néeg yii lañuy wacc seen yére yi ñuy
liggéeyale Aji Sax ji, ndax yooyu yére yu
sell la. Ñu solaat nag yeneen yére bala ñoo
dellu ca ëtt ba mbooloo may daje.»

## *Natt nañu miiru biti bu kër Yàlla gi*

[15] Ba waa ja nattee dayoy biir néegu Yàlla
bi ba noppi, da maa jaarale ca këru
jàllukaay ba féete penku. Mu tàmbali di natt
bayaal bi wër kër Yàlla gi.
[16] Mu natte yet wa wetu penku, lépp di
juróomi téeméeri yet, yemook kilomet ak
genn-wàll.
[17] Mu natte yet wa wetu bëj-gànnaar, lépp
di juróomi téeméeri yet,
[18] wetu bëj-saalum ba it, mu natte ko yet
wa, muy juróomi téeméeri yet.
[19] Mu walbatiku, natte yet wa wetu
sowu, muy juróomi téeméeri yet.
[20] Noonu la natte miir bi ub bayaalu kër
Yàlla gi ba mu daj, muy kaare bu wet gi di
juróomi téeméeri dayo, te teqale fi sell ak fi
sellul.

# 43

### *Leeru Yàlla dellu na këram*

[1] Waa ja nag jiite ma ba ca bunt ba, bunt
ba féete penku.
[2] Ma jekki gis leeru Yàllay Israayil, mu
dikke penku, ànd ak kàddu gu mel ni
kàddug géej mbàmbulaan, suuf si di lerxate
fa leeram ga.
[3] Moomu peeñu nirook peeñu ma ma
njëkkoona gis ba may dikk ca yàqum
Yerusalem, nirook ma woon ca tàkkal
dexu Kebar. Ma daldi daanu, dëpp sama jë
fa suuf.
[4] Ba loolu amee leeru Aji Sax ja jaare ca
buntu penku ba, dugg ca néegu Yàlla ba.
[5] Ngelawu Aji Sax ji ne ma cas, yóbbu ma
ca biir ëttu biir ba, leeru Aji Sax ji jekki
fees néeg ba.
[6] Ma dégg kuy wax ak man ku féete fi
biir néegu Yàlla bi, te fekk waa ji ma dugal
a ngi taxaw fi sama wet ba tey.
[7] Mu ne ma: «Yaw nit ki, sama màkkaanu
ngàngunee ngi, béreb bii laay teg samay
tànk, dëkk ci digg bànni Israayil ba fàww.
Waa kër Israayil dootuñu teddadil sama
tur wu sell, ñook seeni buur ci seen gànctu,
ak seen néewi buur yi ñuy denc ci seen
bérebi jaamookaay.
[8] Seen buur yi ñoo féetale seen dëxi bunt
ak seen jëni bunt ci sama weti dëxi bunt ak
sama jëni buntu kër. Miir doŋŋ a doxoon
diggante sama kër ak seen kër buur. Ñoo
def seen jëf ju siblu, ba teddadil sama tur
wu sell, ma mer, faagaagal leen.
[9] Léegi nag nañu ma sorele seen gànctu
ak seen néewi buur yi, ndax ma mana dëkk
fi seen biir, ba fàww.
[10] «Yaw nit ki, waxal waa Israayil ni kër
gi wara mel. Nañu kersawoo seeni
ñaawtéef te ñu natt nataalu kër gi.
[11] Bu ñu kersawoo mboolem seeni jëf
nag, nanga leen xamal bindu kër gi ak
tëralinam aki jàllukaayam aki génnukaayam
ak bindam bépp, ak dogali yoon yi mu laaj
yépp. Nanga bind lépp, ñu gis, ba mana
sàmm mboolem bindu kër gi, ak mboolem
dogali yoon yi mu laaj, te di ko jëfe.
[12] Ndigalu yoon wi jëm ci kër Yàlla gi ñu
wara tabax mooy lii: ci kaw tund wi ak fi
ko wër fépp, fu sella sell lay doon. Loolu
mooy ndigalu yoon wi, ci wàllu kër Yàlla
gi.»

### *Natt nañu sarxalukaay bi*

[13] Lii nag mooy dayoy sarxalukaay bi ciy
xasab, xasab bu ci nekk tegu yaatuwaayu
catu loxo. Tóojub sarxalukaay bi féete
suuf, taxawaay bi xasab la, yaatuwaay bi
di xasab, mu ànd ak kéméjam gu ko wër ba
mu daj, te taxawaayu kéméj gi tollook
yaatuwaayu catu loxo. Tóojub sarxalukaay
bi noonu la bindoo itam.
[14] Ñaari xasab a dox diggante tóoju bi ci
suuf, ba ci cat li ngay njëkka jot, te
yaatuwaayu cat li di xasab. Ñeenti xasab a
dox diggante cat li ngay njëkka jot, ba ca
cat la ca kaw, te yaatuwaay bi it di xasab.
[15] Taxawaayu taalub sarxalukaay bi
féete kaw, ñeenti xasab la, ñeenti béjjén
sampe ci ñeenti coll yi, coll wu nekk, benn
béjjén sampe ci.
[16] Lakkukaayu sarxalukaay bi ab kaare
la, wet gu ci nekk di fukki xasab ak ñaar.
[17] Kon tóojub lakkukaay bi fukki xasab
ak ñeent la ci ñeenti wet yi, dib kaare,
kéméj gi wër tóoju bi am taxawaayu
genn-wàllu xasab, te tóojub lakkukaay bi
wëre lakkukaay bi yaatoo xasab. Dëggastal
bi ñuy yéege ci sarxalukaay bi nag penku
la féete.

### *Waajal nañu sarxalukaay bi*

18 Waa ji ne ma: «Yaw nit ki, Boroom bi
Aji Sax ji dafa wax ne: Lii mooy dogali
yoon yi jëm ci sarxalukaay bi, bés bu
noppee, ci wàllu saraxi rendi-dóomal, ak
deret ji ñu ci wara tuur.
19 Sarxalkat yiy Leween ñi sëtoo ci
Cadog, te jege ma, ngir di ma liggéeyal,
kàddug Aji Sax jee, nanga leen jox yëkk wu
ndaw, muy saraxu póotum bàkkaar.
20 Nga sàkk ci deret ji, taqal ci ñeenti
béjjéni sarxalukaay bi ak ñeenti colli kaw
gi ak ci kéméj gi ba mu daj, nga laabale ko
sarxalukaay bi, defale ko ko njotlaayam.
21 Nga génne kër gu sell gi yëkku saraxu
póotum bàkkaar mi, te nga lakke ko ca
béreb ba ñu ko wara defe ci biti kër Yàlla gi.
22 «Bésub ñaareel ba nanga indi ab sikket
bu amul sikk, muy saraxu póotum bàkkaar
bu ñuy laabale sarxalukaay bi, na ñu ko
laabale woon yëkk wu ndaw wa.
23 Boo ko laabalee noonee ba noppi,
nanga sàkk aw yëkk wu ndaw wu amul
sikk ak kuuy mu amul sikk.
24 Nga boole ko, indi fi kanam Aji Sax ji
te sarxalkat yi suy leen xorom, ñu def leen
saraxu rendi-dóomal, ñeel Aji Sax ji.
25 «Diiru juróom ñaari fan ngay joxe bés
bu nekk ab sikketu póotum bàkkaar ak aw
yëkk akum kuuy, te na lu ci nekk mucc
sikk.
26 Diiru juróom ñaari fan lañuy def
njotlaayal sarxalukaay bi, laabal ko,
waajale ko sasu sarxalukaay bi.
27 Bu àpp boobu matee, la ko dale ca
bésub juróom ñetteel ba, na sarxalkat yi
joxe ci kaw sarxalukaay bi seen saraxi
rendi-dóomal ak seen saraxi cant ci biir
jàmm, ma daldi leen nangul. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee.»

# 44

## *Ay jagle ñeel na boroom jal bi*

1 Ba loolu amee waa ji delloo ma ca këru
jàllukaayu kër Yàlla ga féete ëttu biti penku,
fekk bunt ba tëje.
2 Aji Sax ji ne ma: «Këru jàllukaay bii,
bunt bi day dëkke tëje. Kenn du ko tijji,
kenn du ci jaare ndax Aji Sax ji Yàllay
Israayil fii la dugge*. Kon nag na tëje.
3 Boroom jal bi† nag, gannaaw mooy
boroom jal bi, sañ na faa toog, lekk fi
kanam Aji Sax ji. Waaye ci mbaaru kër
jàllukaay bi lay dugge te fi lay génne itam.»

## *Jege kër gu sell gi du wàllu ñépp*

4 Gannaaw loolu waa ji jaarale ma ca
buntu bëj-gànnaar ba ca kanam kër Yàlla
ga, ma jekki gis leeru Aji Sax ji fees kër Aji
Sax ji. Ma daanu, dëpp sama jë fa suuf.
5 Aji Sax ji ne ma: «Yaw nit ki, xippil,
ubbil say nopp te def sa xel ci mboolem lu
ma la wax ci wàllu dogali yoon yi jëm ci
kër Aji Sax ji ak mboolem ndigali yoonam.
Defal sa xel bu baax ci jàllukaayi kër gi ak
mboolem génnukaayi kër gu sell gi.
6 Nanga wax fippukati waa kër Israayil
yii, ne leen: “Boroom bi Aji Sax ji dafa wax
ne: Yeen waa kër Israayil, seen jëf ju siblu
ji jépp doy na sëkk.
7 Bu ngeen ma daan indil sama céru
ñam, muy nebbon, di deretu sarax yi,
dangeen di dugalaale ci sama biir kër gu
sell gi ay doxandéem yu xaraful ci jëmm,
xaraful ci xol. Noonu ngeen sobeele sama
kër gi. Fecci ngeen sama kóllëreek yeen
ndax seen jépp jëf ju siblu.
8 Sàmmuleen dénkaane yi jëm ci sama yëf
yu sell yii, xanaa di ko dénk ay doxandéem,
ñu koy wéyal fi sama biir kër gu sell gi.
9 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Bépp
doxandéem bu xaraful ci xol, xaraful ci
jëmm, bumu duggati ci sama kër gu sell gi,
muy doxandéem bu mu mana doon, bu
dëkk ci biir bànni Israayil.

## *Leween ñi am nañu seen wartéefi bopp*

10 «“Leween ñi ma sore woon ba bànni
Israayil jàddee, ba dëddu ma, di topp seen
kasaray tuur, ñooy gàddu seenu ay.
11 Ay surga aki fara bunti kër rekk lañuy
doon ci sama kër gu sell gi, te ñooy tegoo
liggéeyu kër gi. Ñooy rendil xeet wi saraxu
rendi-dóomal, ak gépp jur gu ñuy sarxal, te
ñooy nekk ci waawu xeet wi, di leen
surgawu.
12 Gannaaw ñoo doon dox diggante xeet
week seen kasaray tuur, ba yóbbe leen ay
wu leen gàllankoor, maa leen giñal ne,

* 44.2 Seetal ci 43.1. † 44.3 Seetal ci 34.23-24; 37.24-25.

kàddug Boroom bi Aji Sax jee, ñooy gàddu
seenu ay.
13 Buñu ma jege, di ma sarxalal, buñu
jege sama lenn lu sell ak lu sella sell. Ñooy
gàddu seen toroxte ak seen añu jëf ju siblu
ji ñu def.
14 Waaye maa leen di def ñuy nit ñiy
sàmm ndénkaaneb kër gi ci mboolem
liggéey bu mu laaj, ak mboolem lees di def
ci biir.

### *Askanu Cadog am nañu seen wartéefi bopp*

15 «“Waaye sarxalkat yiy Leween ñi
sëtoo ci Cadog, te daa sàmm ndénkaaneb kër
gu sell gi ba bànni Israayil jàddee, ñooñoo
may jege, di ma liggéeyal; ñooy dikk fi man,
di indi saraxi nebbon ak deret. Kàddug
Boroom bi Aji Sax jee.
16 Ñoom doŋŋ ay dugg ci sama kër gu sell
gi, ñoom doŋŋ ay jege sama taabal, di ma
liggéeyal, di sàmm sama ndénkaane.
17 «“Bu ñu dee jàll buntu ëttu biir bi,
yérey lẽe lañuy sol. Buñu sol ndimol
kawaru jur, bu ñuy liggéey fu wees buntu
ëttu biir bi, jëm ca biir-a-biir.
18 Kaalag lẽe lanuy kaalawoo, tubéyu
njiitlaayu lẽe lañuy jiital, te duñu sol dara
lu leen di ñaqloo.
19 Bu ñuy génn ca ëttu biti ba, ëtt ba
mbooloo may yem, nañu summi seen yére
ya ñuy sarxale, fat yére ya ca néeg yu sell
ya, daldi sol yeneen yére, ndax baña sédd
mbooloo mi sellaay, di leen lor‡.
20 «“Buñu watu nel, buñu jañu, waaye
nañu dagg seen kawar ba mu yem.
21 Biiñ, bu ko benn sarxalkat naan, buy
dugg ci ëttu biir bi.
22 Ab jëtun ak ku ñu fase, sarxalkat du ko
jël jabar. Su dee janq bu askanoo ci waa
kër Israayil mbaa ab jëtun bu sarxalkat
doon denc, sañ nañu koo jël.
23 Sama ñoñ nag nañu leen ràññeeloo lu
sell ak lu sellul, te xamal leen lu set ak lu
sobewu.
24 «“Bu jote amee, ñoom ñooy àtte, ba
dogal àtte bi ci sama àttey yoon. Sama
ndigal yeek sama dogali yoon yi jëm ci
sama màggal yépp, ñoo koy sàmm, te sama
bési Noflaay, ñoo koy sellal.
25 «“Nit ku dee nag, ab sarxalkat du ko
jege, di sobeel boppam, ndare ki dee di
baayam mbaa ndeyam, mbaa doomam ju
góor, mbaa ju jigéen, mbaa doomu
ndeyam ju góor mbaa ju jigéen ju amul
jëkkër, ba mu sañ caa sobeel boppam.
26 Su ni demee ba mu sobeel boppam,
na setlu te négandiku juróom ñaari fan,
doora dellu ca liggéeyam.
27 Bés ba muy dellu ca ëttu biir ba, ngir
liggéey ca biir néeg bu sell ba, na indi
saraxu póotum bàkkaar. Kàddug Boroom bi
Aji Sax jee.
28 «“Sarxalkat yi am nañu seen céru
bopp: man maay seen cér. Du jenn
moomeel ju ngeen leen di jox ci suufas
Israayil. Man maay seen moomeel.
29 Saraxu pepp ak saraxu póotum
bàkkaar ak saraxu peyug tooñ, ñoom ñoo
koy lekk, te lépp lu ñu jagleel Aji Sax ji ci
Israayil, ñoo koy moom.
30 Li gën ci mboolem ndoortel meññeef
ak lépp lu ñu jébbal Yàlla ak lu mu mana
doon, sarxalkat yee ko moom. Li gën ci
seen nootu sunguf, nangeen ko jox
sarxalkat yi, ndax barke wàcc ci seen kër.
31 «“Gannaaw loolu mboolem lu médd
mbaa lu ñu fàdd, muy boroomi laaf akug
jur, sarxalkat yi duñu ko lekk.

## 45

### *Lu jëm ci suuf si ñu jagleel Aji Sax ji*

1 «“Bu ngeen demee bay tegoo réew mi
bant ngir séddoo ko, nangeen jagleel Aji
Sax ji dogu suuf bu gudde ñaar fukki
junniy xasab ak juróom (25 000), yemook
fukki kilomet ak ñett, yaatoo ñaar fukki
junniy (20 000) xasab, yemook fukki
kilomet ak genn-wàll. Suuf soosu sépp ba
fa mu yem, lu sell lay doon.
2 Biir pàkk boobu, nañu ci waccal néeg
bu sell bi ab dénd bu kaare, wet gu nekk di
juróomi téeméeri xasab, yemook ñaari
téeméeri meetar ak juróom fukk; ak bayaal
bu wër dénd bi, yaatoo juróom fukki
xasab, yemook ñaar fukki meetar ak
juróom wet gu nekk.

‡ **44.19** Aay na ci képp ku ñu sellalul, muy laal mbaa ñu di ko laalal lenn lu sell. Man na cee dee sax. Seetal ci *2.Samiyel* 6.6-7.

3 Ci biir dogu suuf bu mag boobu gudde
ñaar fukki junniy xasab ak juróom (25 000)
te yaatoo fukki junniy xasab (10 000),
yemook juróomi kilomet ak xaajaat, ci
ngay nattal kër gu sell gi, di fu sella sell.
4 Cér bu sell a ngoog bu ñuy sàkke ci réew
mi, ñeel sarxalkat yiy liggéey ci kër gu sell
gi, tey jege Aji Sax ji, di ko liggéeyal. Foofu
lañuy am ay kër te foofu lañuy beral ab
pàkk kër gu sell gi.
5 Beneen dénd bu gudde ñaar fukki
junniy xasab ak juróom (25 000), yaatoo
fukki junniy xasab (10 000), na ñeel
Leween ñiy liggéeyal kër Yàlla gi, ngir ñu
am dëkk yu ñu dëkke.
6 «“Suufas dëkk bi, nanga ko àppal
yaatuwaayu juróomi junniy xasab (5 000)
ak guddaayu ñaar fukki junniy xasab ak
juróom (25 000), mu làng ak dog bi ñu sàkkal
pàkk bu sell bi. Suuf soosu na ñeel waa kër
Israayil gépp.
7 Boroom jal bi nag, nañu ko jagleel ñaari
wet yi séq suufas pàkk bu sell beek pàkkub
dëkk bi. Suufas buur soosu jóge sowu ba
géej ga, jógeeti penku ba fa Israayil yem,
na guddaay bi tollook guddaayu suufu
giirug Israayil gu ci nekk.
8 Loolooy doon céru suufu boroom jal bi
ci Israayil. Su ko defee boroom jal yi ma
fal dootuñu xañ sama ñoñ suuf. Dañuy
wacce giiri waa kër Israayil li des ci réew
mi.

## *Sàrt yii war na boroom jal bi ci wàllu kër Yàlla gi*

9 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Yeen ñiy toog ci jalu Israayil, na doy nag!
Coxor geek jaay-doole bi, baleen ko. Njub
ak njekk ngeen war di jëfe. Bàyyileen di
nangu sama alali ñoñ. Boroom bi Aji Sax
jee ko wax.
10 Seen màndaxekaay na doon njub, efab
nattukaayu sol-sotti di njub, seen bat bi
ñuy natte lu ñuy xelli di njub.
11 Na benn efa ak benn bat yem dayo, lu
ci nekk wara def céru fukkeelu benn omer
bi yemook ñaari téeméeri liitar ak ñaar fukk
(220). Te na benn omer di dayo bi ngeen di
natte.
12 Benn siikal, na wecciku ñaar fukki
gera*, te boo boolee nattu ñaar fukki
siikal, ak nattu ñaar fukki siikal ak juróom,
ak nattu fukki siikal ak juróom, mu wara
wecciku benn natt bu ñuy wax miin.
13 «“Lii nag mooy doon li ñuy jébbal Aji
Sax ji: muy bele, di lors, na doon seen
benn céru juróom benn fukkeelu meññeef,
di lu tollook ñeenti liitar ci ñaari téeméeri
liitar ak ñaar fukk yu nekk.
14 Su dee ag diw, bat bi ñuy natte lu ñuy
xelli lañu koy natte, benn bat yemook
fukkeelu natt bi ñuy wax omer, mbaa
fukkeelu natt bi ñuy wax kor, di ñaari liitar
yu tombal ñaar (2,2) ci ñaari téeméeri liitar
ak ñaar fukk (220) yu nekk.
15 Ci wàllu parluy Israayil, benn ay génn
ci ñaari téeméeri gàtt yu ne, gàtt yooyu ñeel
saraxi pepp, ak saraxi rendi-dóomal, ak
saraxi cant ci biir jàmm ngir njotlaayal
askan wi. Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
16 Boobu asakab njébbal, waa réew mépp
a ciy def seen loxo, indil ko ki toog ci jalub
Israayil.
17 Li war ki toog ci jal bi, saraxu
rendi-dóomal ci la, ak saraxu pepp, ak
saraxi tuuru yi ñuy joxe bésu màggal yu
mel ni màggali Terutel weer ak bési
Noflaay ak yeneen bés yu bànni Israayil
taamoo daje. Moom it mooy joxe saraxu
póotum bàkkaar ak saraxu pepp ak saraxu
rendi-dóomal ak saraxu cant ci biir jàmm
ngir njotlaayal waa kër Israayil.
18 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Benn fanu weer wi njëkk, nanga jël yëkk
wu ndaw wu amul sikk ngir laabal kër gu
sell gi.
19 Sarxalkat bi day sàkk ci deretu saraxu
póotum bàkkaar boobu, taqal ci jëni bunt yi
ak ñeenti colli kaw sarxalukaay bi ak jëni
buntu ëttu biir bi.
20 Noonu it ngay def ca juróom ñaareelu
fanu weer wa, ngir daboo ko nit ku jàdd
yoon te yégu ko mbaa teyu ko. Su ko defee
ngeen def njotlaayal kër Yàlla gi.
21 «“Fukki fan ak ñeent ci weer wu njëkk
wi mooy seen màggalu bésub Mucc ba.
Juróom ñaari fan la màggal giy am, te
mburu mu amul lawiir lees cay lekk.

* **45.12** Moo doon natt ba gënoona tuut ci wàllu diisaay, tollook genn-wàllu garaam.

22 Bés boobu la ki toog ci jal bi di joxeel
boppam ak mboolem waa réew mi, yëkk
wu ndaw wuy doon saraxu póotum
bàkkaar.
23 Juróom ñaari fan yooyu dina defal Aji
Sax ji sarax. Bés bu nekk mu sarxe ñaari
yëkk yu ndaw ak juróom ñaari kuuy yu mag
yu amul sikk, def ko saraxu rendi-dóomal,
boole ci ab sikketu sarax ngir peyug tooñ,
te loolu bés bu nekk lay doon.
24 Yëkk yu ci nekk ak kuuyu mag yu ci
nekk, da koy booleek saraxu benn efa bu
pepp, di ñaar fukki liitari pepp ak ñaar, te
efa bu pepp bu ne, tollook benn xiinu diw,
di ñeenti liitari diw.
25 «"Ci wàllu màggal giy door fukki fan
ak juróom ci juróom ñaareelu weer wi†, na
ki toog ci jal bi def niki ci màggalu bésub
Mucc ba. Diirub juróom ñaari fan yi màggal
gi, yenn sarax yooyii rekk lay joxe, muy
saraxu póotum bàkkaar ak saraxu
rendi-dóomal ak saraxi pepp ak diw.

# 46

1 «"Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
Buntu ëttu biir bi féete penku, na tëje diiru
juróom benni fan yi ñuy liggéey. Waaye
bésub Noflaay ba cay topp, na ubbiku.
Bésub Terutel weer wu ne it, na ubbiku.
2 Na ki toog ci jal bi jaare ci mbaar mi
féete biti te na yem ci jëni buntu ëttu biir
bi. Na fa xaar sarxalkat yiy def saraxu
rendi-dóomalam ak saraxi cantam ci biir
jàmm. Su ko defee mu sujjóot ci dëxu bunt
bi, ba noppi, génn. Bunt bi nag du tëje ba
ngoon jot.
3 Bésub Noflaay ak Terutel weer,
baadooloy réew mi ci bunt boobu lañuy
sujjóote fi kanam Aji Sax ji.
4 «"Saraxu rendi-dóomal bi ki ci jal biy
indil Aji Sax ji bésub Noflaay, juróom benni
kuuy yu ndaw yu amul sikk lay doon, ak
kuuy mu mag mu amul sikk.
5 Saraxu pepp biy ànd ak kuuy mi, benn
efa lay doon, di fanweeri kiloy pepp, ak
dayob pepp bu mu àttan buy ànd ak kuuy
yu ndaw yi ak xiinu diw, yemook ñeenti
liitari diw ci efa bu pepp bu nekk.
6 Bésub Terutel weer, wenn yëkk wu
ndaw wu amul sikk lay joxe, ak juróom
benni kuuy yu ndaw ak am kuuy mu mag,
te lépp mucc sikk.
7 Na ci boole saraxu benn efa bu pepp
buy ànd ak yëkk wi, ak benn efa bu pepp
ngir kuuy mu mag mi, ak lu mu man ci
pepp, mu booleek kuuy yu ndaw yi, ak
benn xiinu diw ci efa bu pepp bu nekk.
8 «"Mbaaru këru jàllukaay bi ki ci jal biy
jaare duggsi, fi lay jaare génn.
9 Baadooloy réew mi nag bu ñuy teewesi
bésub ndaje fi kanam Aji Sax ji, ku ci jaare
ci këru jàllukaay bi féete bëj-gànnaar, di
sujjóotsi, bu noppee na jaare ci këru
jàllukaay bi féete bëj-saalum. Te ku dugge ci
këru jàllukaay bi féete bëj-saalum, bu noppee
na génne ci këru jàllukaay bi féete
bëj-gànnaar. Deesul delloo bunt bi nga
dugge. Bunt bi mu jàkkaarlool lees di génne.
10 Ki ci jal bi ci boppam, bu baadoolo yiy
dugg, na duggandook ñoom, bu ñuy génn,
mu génnandook ñoom.
11 «"Su dee bési màggal ak bési ndaje yi,
saraxu pepp mi benn efa lay doon ngir
yëkk wi, yemook fanweeri kilo, ak benn
efa ngir kuuy mu mag mi, ak dayo bu ñu
àttan ngir kuuy yu ndaw yi, efa bu pepp bu
ne ànd ak benn xiinu diw, di ñeenti liitar.
12 «"Këru jàllukaay bi féete penku ci ëttu
biir bi it lañuy ubbil ki ci jal bi, buy joxe
saraxu yéene: muy saraxu rendi-dóomal, di
saraxu cant ci biir jàmm, di beneen saraxu
yéene bu ñeel Aji Sax ji, ngir mu joxe
saraxu rendi-dóomalam, mbaa saraxu
cantam ci biir jàmm, ni mu koy defe ci
bésub Noflaay. Bu noppee, génn, ñu tëj
bunt bi."»
13 Boroom bi wax na itam ne: «"Am
kuuyu menn at mu amul sikk lees di defal
Aji Sax ji bés bu nekk saraxu rendi-dóomal,
te suba su ne lees koy def.
14 Nañu ci boole suba su ne benn céru
juróom benneelu efa bu pepp, yemook
juróomi kilo, ànd ak liitaru diw ak
genn-wàll, yemook benn céru ñetteelu
xiinu diw buy tooyal sunguf si. Loolooy
saraxu pepp mi, ñeel Aji Sax ji, di dogali
yoon yu sax dàkk.
15 Muy kuuy mu ndaw mi, di saraxu
pepp mi, di diw gi, suba su nekk lees koy

† **45.25** Màggalu bési Mbaar yi lay doon. Seetal ci *Sarxalkat yi* 23.33-34.

def, muy saraxu rendi-dóomal bu sax dàkk.

### *Boroom jal bi sañul lépp ci suufam*

16 «“Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne: Su
ki ci jal bi mayee kenn ci doomam yu góor
lenn ci céru suufam, kookoo koy jagoo, te
alal jooju, céru doomi kooka lay doon.
17 Waaye su ki ci jal bi mayee kenn ciy
surgaam lenn ci suufam, ba keroog atum
Yiwiku ma rekk la surga ba di moom suuf
sa, waaye bu atum Yiwiku teewee, suuf si
day dellu ci loxol ki ci jal bi. Suuf soosu,
céru doomi boroom jal bi doŋŋ lay doon.
18 Ki ci jal bi nag du nangu lenn ci
suufas baadoola yi, di leen xañ seen alal.
Alalu boppam doŋŋ la saña sédd doomam
yu góor. Su ko defee kenn ci sama ñoñ du
ñàkk alalam.”»

### *Sàkkal nañu kër Yàlla gi ay waañ*

19 Ba loolu amee waa ja jaarale ma ca
buntu ëtt ba nekk ci kanamu néeg ya
janook bëj-gànnaar te feggook këru
jàllukaay ba féete bëj-gànnaar. Mu dugal ma
ca néeg yu sell ya ñu beral sarxalkat yi.
Ndeke béreb a nga foofa ca ruq ba, ca
biir-a-biir, ca wetu sowu.
20 Mu ne ma: «Bii béreb, fi la sarxalkat
yiy togge yàppu saraxu peyug tooñ ak
saraxu póotum bàkkaar, di fi lakk saraxu
pepp mi, ngir baña génne lenn lu sell ca
ëttu biti ba, bay sédd nit ñi sellaay bu leen
di lor.»
21 Gannaaw loolu waa ji génneeti ma ba
ci ëttu biti bi, yóbbu ma ci ñeenti koñ yépp.
Ndeke koñ bu ci nekk, ber nañu ca ëtt bu
ndaw,
22 bu gudde ñeent fukki xasab, yaatoo
fanweeri xasab, te ñeenti ëtt yu ndaw yi ci
koñ yi yépp a tolloo.
23 Ñeenti ëtt yu ndaw yi, bu ci nekk miir
bu gàtt a ko ub, ay toggukaay tege ci
suufam, leru miir bi ba mu daj.
24 Waa ji ne ma: «Lii mooy waañ yi
liggéeykati kër Yàlla gi di togge yàppu saraxi
askan wi.»

## 47

### *Am wal balle na ca kër Yàlla ga*

1 Waa ji nag delloo ma ca buntu néegu
Yàlla ba. Gisuma lu moy am ndox muy
ball, di génne ci suufu dëxu bunt bi, di wal
jëm wàllaay penku. Kanamu néeg baa ngi
féete penku, ndox miy wale ci wetu
bëj-saalumu néeg bi, fa féeteek bëj-saalumu
sarxalukaay bi.
2 Mu génnee ma ci këru jàllukaay ba féete
bëj-gànnaar, wërale ma ca biti, ba ca këru
jàllukaay ba féete penku. Gisuma lu moy
ndox muy wale ci suufu këru jàllukaay ba
féete penku, ci wet ga féete bëj-saalum.
3 Waa jaa nga jubal penku, yor buumu
nattukaayam, daldi natt junniy xasab. Mu
jàlle ma ba foofa, ndox ma yem ma ci
kostan.
4 Mu nattaat yeneen junniy xasab, ndox
ma yem ma ciy óom. Mu dellu natt junniy
xasab, jàlle ma, ndox ma yem ma ci ndigg.
5 Mu nattati yeneen junniy xasab, wal
ma xóot ba manatumaa xuus, ba jàll.
Maneesatu koo jàlle tànk, xanaa féey.
6 Mu ne ma: «Yaw nit ki, du gis nga ci?»
Ba loolu amee mu delloo ma ba ca tàkkal
dex ga.
7 Ma agsi ca tàkkal dex ga, daldi yem ci
garab yu baree bare ci ñaari weti dex gi
yépp.
8 Waa ji ne ma: «Ndox mii mu ngi jëm
diiwaanu penku, wàcci xuru dexu
Yurdan, jàlli biir géeju Xorom ga. Te bu
ndox mi duggee biir géej, géeju ndox mu
bon ma, ndox ma day daldi neex.
9 Mboolem mbindeef muy def ndiiraan
day daldi mana dunde mboolem fu wal
mii jëm. Jën yi day takku lool ngir la fa
ndox mii àgg, ba neexal mooma ndox.
Mboolem fu wal mii àkki daal, lépp a fay
dund.
10 La ko dale Engedi ba Eneglayim, ay
nappkat lay doon. Ñu weer seeni caax ci
tefes gi. Wirgoy jën yu nekk ca géej gu mag
ga ñooy am foofa, bare lool.
11 Waaye tan yaak déeg ya mu feggool
du neexaat, xorom saa koy féetewoo.
12 Wirgoy garab yu ñuy lekk yu nekk
ñooy sax ca ñaari weti wal ma. Xob ya du
lax, doom ya du rag, xanaa di meññ weer
wu nekk, ndax ndox mi koy suuxat ca kër
gu sell ga lay wale. Meññeef ma, ñu lekk;
xob ya, ñu fajoo.»

### *Aji Sax ji joxe na kemuy réew mi ñuy séddoo*

13 Boroom bi Aji Sax ji dafa wax ne:
«Fukki giiri Israayil yeek ñaar nag, kemi
céri suufi réew mi ñuy séddoo, nii la wara
tëdde: na wàllu giirug Yuusufa di ñaari cér.
14 Nangeen ko séddoo, ku nekk yem ak sa
mbokk cér, ndax maa giñal seeni maam,
ne dinaa leen ko jox. Kon réew mii, seen
cér bu leen lew la.
15 Na lii di kemu réew mi ci wetu
bëj-gànnaar: géej gu mag ga lay dale, topp
yoon wa jaare Ettlon ak Buntu Amat, ak
Cedàdd,
16 jaare dëkk yi ñuy wax Berota ak
Sibrayim te nekk diggante réewum
Damaas ak Amat, jaare Àccer Tikon, fa
digalook Oran.
17 Kon kemu googu day dale géej gu mag
ga, ba àgg gox ba ñuy wax Àccar Enan ca
penku ba. Kemu bëj-gànnaaram di Damaas
ak Amat. Loolooy wàllu bëj-gànnaaram.
18 Kemu penku ba day dale diggante
Oran ak Damaas, topp xuru Yurdan,
diggante diiwaanu Galàdd ak réewum
Israayil, dem ba àgg Tamar ca géeju penku
ba*. Loolooy wàllu penkoom.
19 Wetu bëj-saalum, kemu ga day dale fa
Tamar ba ca xuru Meriba ca Kades, daldi
leru walu Misra ma, ba àkki géej gu mag
ga. Loolooy wàllu bëj-saalumam.
20 Wetu sowu, géej gu mag gaay doon
kemu ga, dale bëj-saalum ba ca Buntu Amat
ca bëj-gànnaar. Loolooy wàllu sowoom.
21 «Suuf si ci diggante kemu yooyu,
nangeen ko séddale giiri Israayil yi.
22 Nangeen ko tegoo bant, séddoo ko ci
seen biir, yeen ak doxandéem yi sanc ci
seen digg te jaboot ci réew mi. Nangeen
leen jàppe ni ay njuddu-ji-réew fi digg
Israayil. Nañu am seen céru suuf ni yeen,
bokk ci yem ak giiri Israayil.
23 Ak giir gu ci doxandéem bi mana
wàlli, foofa ngeen koy féetale céru suufam.
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.

# 48

## *Daggal nañu suuf juróom ñaari giir ca wet ga féete bëj-gànnaar*

1 «Lii mooy limeefu giiri Israayil, ak céru
suuf bi giir gu ci nekk di féetewoo. Céru
Dan moo féete catu bëj-gànnaar. Kemoom
day topp yoonu Ettlon ba ca Buntu Amat,
jàll ba Àccar Enan ga digalook Damaas,
Amat féete ko bëj-gànnaar. Suufas Dan day
jàpp penku ba sowu, ca géej gu mag ga, di
benn pàcc.
2 Suufas Aser day digalook sos Dan, jàpp,
moom it, penku ba sowu, di benn pàcc.
3 Suufas Neftali day digalook sos Aser,
jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.
4 Suufas Manase day digalook suufas
Neftali, jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.
5 Suufas Efrayim day digalook sos
Manase, jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.
6 Suufas Ruben day digalook sos
Efrayim, jàpp penku ba sowu, di benn
pàcc.
7 Suufas Yuda day digalook sos Ruben,
jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.

## *Daggal nañu Aji Sax ji céram bu sell*

8 «Suuf sa digalook Yuda ca wet ga ko
féete bëj-gànnaar, te dale penku ba sowu,
mooy doon pàkk bi ñu jagleel Aji Sax ji.
Ñaar fukki junniy xasab ak juróom (25 000),
tollook fukki kilomet ak ñett, lay yaatoo,
gudde ni suufas genn giir gu ci nekk, te kër
gu sell gi nekk ci digg bi.
9 Pàkk bi ngeen di jagleel Aji Sax ji ci dog
boobu, day am guddaayu ñaar fukki
junniy xasab ak juróom (25 000) yemook
fukki kilomet ak ñett, ak yaatuwaayu
fukki junniy xasab (10 000), di juróomi
kilomet ak xaajaat.
10 Cér bu sell a ngii, ñeel sarxalkat yi:
Ñaar fukki junniy xasab ak juróom (25 000)
lay am ca wetu bëj-gànnaar ga, yaatoo ni
fukki junniy xasab (10 000) ca wetu sowu
ga, yaatoo ni fukki junniy xasab (10 000) ca
wetu penku ga, gudde ni ñaar fukki junniy
xasab ak juróom (25 000) ca wetu
bëj-saalum ga, te néegu Aji Sax bu sell bi
nekk ci digg bi.
11 Pàkk bu sell boobu, na ñeel sarxalkat
yi askanoo ci Cadog, ñoom ñi sàmmoon
sama ndénkaane, baña ànd ak bànni
Israayil, di lajj ni seen yeneen bokki
Leween ñi.

* **47.18 *géeju penku ba*** mooy géeju Xorom ga.

12 Sarxalkat yi nag dinañu jot pàkk bu
feggook suufas Leween ñi, te ñu jële ko ci
suufas réew mi ñu jagleel Aji Sax ji.
13 Na suufas Leween ñi digalook sos
sarxalkat yi, di pàkk bu gudde ni ñaar
fukki junniy xasab ak juróom (25 000), te
yaatoo ni fukki junniy xasab (10 000). Bu ci
nekk na am guddaayu ñaar fukki junniy
xasab ak juróom (25 000) ak yaatuwaayu
fukki junniy xasab (10 000).
14 Cér boobu mooy tànnéefu suuf si.
Maneesu cee jaay, mbaa di ci weccikoo
lenn, te lenn du ci tàbbi ciy loxo, ndax cér
bu sell la, ñeel Aji Sax ji.

### *Daggal nañu suuf waa dëkk bi ak boroom jal bi*

15 «Pàkk bay des ci yaatuwaayu dog
boobu dina yaatoo ni juróomi junniy
xasab (5 000), gudde ni ñaar fukki junniy
xasab ak juróom (25 000); pàkk boobu, di
pàkkub dëkk bi, suufas ñépp lay doon. Man
naa doon ay dëkkuwaay aki parlu, te na
dëkk bi ci boppam féetewoo digg ba.
16 Na dëkk bi bindoo ab kaare bu wet gi
di ñeenti junniy xasab ak juróomi téeméer
(4 500), di ñaari kilomet ak genn-wàll.
17 Parlub dëkk bi nag, na féeteek ñeenti
weti dëkk bi, te doon fa wet gu nekk
bayaal bu yaatoo ni ñaari téeméeri xasab
ak juróom fukk (250).
18 Fi feggook pàkk bu sell bi ñu jagleel Aji
Sax ji, dina des pàkk bu ñuy bey, bu gudde
ni fukki junniy xasab (10 000) ca wetu
penkub dëkk bi, ak beneen pàkk bu ni tollu
ca wetu sowu ga. Ca lañuy jële lekku
liggéeykati dëkk bi.
19 Waa dëkk bi koy bey, ci giiri Israayil
yépp lañuy bàyyikoo.
20 Mboolem pàkk boobu ñuy jagleel Aji
Sax ji, na doon kaare bu wet gi di ñaar
fukki junniy xasab ak juróom (25 000), te
pàkk boobu ñuy jagleel Yàlla, pàkk bu sell
bi ak dëkk bi, ci lañu bokk.
21 «Li féete penku ak li féete sowu yépp
nag te des ci suuf si, te séq pàkk bi ñu
jagleel Aji Sax ji ak suufas dëkk bi, boroom
jal bee koy moom; wet gu ci nekk yaatoo
ni ñaar fukki junniy xasab ak juróom
(25 000), gii àkki kemu Israayil ga féete
penku, gee àkki kemu Israayil ga féete
sowu. Pàkk bu sell beek néeg bu sell bu kër
Yàlla gi nekk ci digg bi.
22 Kon suufas Leween ñi ak suufas dëkk
bi day bokk féete ci diggu suufas boroom
jal bi. Suufas boroom jal bi nekk ca
diggante céru Yuda ba ca bëj-gànnaar, ak
céru Beñamin ba ca bëj-saalum.

### *Daggal nañu suuf juróomi giir ca wet ga féete bëj-saalum*

23 «Limeefu giiri Israayil yi ci des, seeni
suuf nii lay tëdde: li dale kemu penku ba,
ba ca géej gu mag ga ca sowu, benn pàcc
lay doon, Beñamin féetewoo ko.
24 Suufas Simeyon feggook sos Beñamin,
jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.
25 Suufas Isaakar jàpp penku ba sowu,
feggook sos Simeyon, di benn pàcc.
26 Suufas Sabulon feggook sos Isaakar,
jàpp penku ba sowu, di benn pàcc.
27 Suufas Gàdd feggook sos Sabulon, jàpp
penku ba sowu, di benn pàcc.
28 Suufas Gàdd, kemug bëj-saalumam
mooy doon kemug réew mi. Day dale fa
Tamar ca penku ba, ba ca yoonu ndoxu
Meriba ca Kades, leru walum Misra, ba ca
géej gu mag ga.
29 Noonu ngeen di séddalee réew mi giiri
Israayil yi, giir gu ci nekk, ngeen dogale ko
noonu céru suufam. Kàddug Boroom bi Aji
Sax jee.

### *Yerusalem: tur wu yees, fukki bunt ak ñaar, ni giir yi*

30 «Bunti dëkk bi nag nii lay tëdde: ñeenti
miiri dëkk bi, bu ci nekk day am guddaayu
ñeenti junniy xasab ak juróomi téeméer
(4 500).
31 Miir bu ci nekk dina am ñetti bunt yu
ñu dippee ñetti giiri Israayil. Wetu
bëj-gànnaar, benn buntu Ruben ak benn
buntu Yuda ak benn buntu Lewi.
32 Wetu penku am miiru ñeenti junniy
xasab ak juróomi téeméer (4 500) ak ñetti
bunt: benn buntu Yuusufa ak benn buntu
Beñamin ak benn buntu Dan.
33 Wetu bëj-saalum am miiru ñeenti
junniy xasab ak juróomi téeméer (4 500) ak
ñetti bunt: benn buntu Simeyon ak benn
buntu Isaakar ak benn buntu Sabulon.
34 Wetu sowu am miiru ñeenti junniy
xasab ak juróomi téeméer (4 500) ak ñetti

bunt: benn buntu Gàdd ak benn buntu
Aser ak benn buntu Neftali.
35 Wurmbal bi wër dëkk bi bépp fukki
junniy xasab ak juróom ñett (18 000) lay
doon.
«Dale ko ca bés ba, turu dëkk bi nag, di
Yawesama, muy firi “Aji Sax jaa ngi fi.”»

# Téereb Yonent Yàlla
# Dañeel

Dañeel ak ay xaritam, ay xale yu góor yu ndaw lañu woon ba ñu leen gàddaayloo ñu dem Babilon. Njàngum xam-xam lañu fa doon def, ba mujj ñuy boroom daraja ca réew ma ak ca nguuurug Pers ga ko yor. Ñu doon sàmm santaaney Yàlla, ba tax ñu fitnaal leen, ba teg leen sax àtteb dee, sànni leen ci puur bu tàng, tàbbil Dañeel ci paxum gaynde. Waaye Yàlla moo leen feye seen kóllëre, ba musal seen bakkan. Ñaareelu xaaju téere bi moo indi peeñu yi Dañeel amoon, te mu jëm ci xew-xewi ëllëg.

Ci tënk:

Saar 1—6 Lu jëm ci dundu Dañeel ca Babilon.

Saar 7—12 Dañeel am na peeñu yu jëm ci Yàlla ak mujug jamono.

## Dañeel gore na ci biir nguuru kéefar

*(Saar 1.1—6.29)*

### *Dañeel aki xaritam tàbbi nañu ci liggéeyu kër buur*

1 Ca ñetteelu atu nguurug Yoyakim
buurub Yuda, Nebukatnecar buuru
Babilon daa dikk, gaw Yerusalem.
2 Boroom bi nag teg Yoyakim buurub
Yuda ciy loxoom, boole ca lenni
jumtukaayi kër Yàlla ga. Nebukatnecar
yóbbu jumtukaay ya réewum Sineyaar ga
ñuy wax Babilon itam, ca biir kërug
tuuram. Mu daldi fat jumtukaay ya ca
denci kër tuuram.
3 Ba loolu amee Buur jox ndigal
Aspenas, kilifay bëkk-néegam, ngir mu
tànne ci bànni Israayil ñenn ci askanu buur
ak ci garmi yi.
4 Ñu diy waxambaane yu amul benn
sikk ci seen yaram, di ñu góorayiw, mane
bépp xeetu njàng, bare xam-xam te am
déggin, ba mana liggéeyal Buur ci biir
këram. Ñu di leen jàngal làkku waa Babilon
ak seen mbind.
5 Ci biir loolu Buur dogalal leen bés bu
nekk ab cér ci njëlam ak ci biiñam. Mu
santaane ñu tàggat leen diiru ñetti at, ñu
doora tàbbi ci liggéeyu buur.
6 Yudeen ña ca bokkoon di Dañeel ak
Anaña ak Misayel ak Asaryaa.
7 Kilifag jawriñ ya nag tudde leen
yeneen tur. Dañeel, mu tudde ko Beltacar,
Anaña mu tudde ko Sadarag, Misayel tudd
Mesag, Asaryaa di Abedd Nego.
8 Ci biir loolu Dañeel fas yéene ci xolam
ne du sobeel boppam ci njëlu buur ak
biiñam. Mu ñaan kilifag jawriñ ya mu may
ko, mu bañ cee sobeel boppam.
9 Yàlla def kilifag jawriñ ya baaxe
Dañeel, yërëm ko.
10 Teewul kilifag jawriñ ya ne Dañeel:
«Man de damaa ragal Buur sama boroom,
moom mi leen dogalal seen lekk ak seen
naan. Su Buur gisee ngeen gëna yooy seen
moroomi xale yu góor yi nag? Sama
bakkan xaj na ci de!»
11 Ba mu ko defee Dañeel wax ak dag ba
kilifay jawriñ ya sant mu wattu leen,
mook Anaña ak Misayel ak Asaryaa. Mu
ne ko:
12 «Ngalla sang bi, seetlu nu diiru fukki
fan, ñu di nu jox lujum rekk ak ndoxum
naan;
13 te nga xool nu, xool xale yu góor yiy
lekk ci njëlal Buur. Su ko defee nga seet
nooy def ak nun ci ni nga nu gise, sang bi.»
14 Waa ja ànd ak ñoom ci loolu, seetlu
leen diiru fukki fan.
15 Ba fukki fan ya matee, seen kanam
gëna leer te ñu gëna suur mboolem xale yu
góor yay lekk ca njëlal Buur.
16 Ci kaw loolu wattukat ba di yóbbu
seen njël ak seen biiñ, weccee leen ko
lujum.
17 Yàlla nag may ñeenti xale yu góor
yooyu xel ak rààññee ci mboolem lu ñu
bind ak wàllu xam-xam. Dañeel moom
mana firi mboolem peeñu ak gént.
18 Ba diir ba leen Buur àppal matee, ñu
war leena indi, kilifag jawriñ ya yóbbu
leen fa kanam Buur Nebukatnecar.
19 Buur wax ak ñoom te gisul ci ñoom
ñépp kenn ku mel ni Dañeel ak Anaña ak
Misayel ak Asaryaa. Ñu daldi tàbbi ci
liggéeyu buur.
20 Mboolem wàllu xam-xam ak xel mu
leen Buur seetlu rekk, gis ne ñoo ci sut

fukki yoon jabarkat yeek ñeengokati
réewam mépp.
21 Dañeel nekk ca liggéeyu buur, nekk ca
ba ca at ma njëkk ca nguurug Buur Sirus.

# 2

## *Dañeel nettali na géntu Buur*

1 Ca ñaareelu atu nguuram ca la
Nebukatnecar génte gént gu ub boppam
lool, ba manatula nelaw.
2 Mu woolu jabarkat yi ak taryaax yi ak
ñeengokat yi ak xërëmkat yi, ngir ñu firil
koy géntam. Ñu agsi taxaw ca kanamam.
3 Buur ne leen: «Damaa gént lu ub sama
bopp, ma bëgga xam lu muy firi.»
4 Xërëmkat ya ne Buur ci làkku arameen:
«Guddaluw fan Buur, sang bi! Wax nu gént
gi, nu firi ko.»
5 Buur wax xërëmkat ya ne leen: «Dogal
bu wér a ngii tukkee fi man. Su ngeen ma
waxul gént gi, wax ma piri mi, ay dog lañu
leen di dog, seeni kër doon ay sën.
6 Waaye su ngeen waxee gént gi, wax ma
piri mi, ay weexal aki yool ak teraanga ju
réy ngeen di jële ci man. Kon nag waxleen
ma gént gi, wax ma piri mi.»
7 Gannaaw gi, ñu dellu ne Buur: «Sang
bi, waxal gént gi, nu wax la pireem.»
8 Buur dellu ne: «Gis naa nag bu baax ne
dangeena bëgga yàggal mbir mi, ndax xam
ngeen ne dogal bu wér tukkee na ci man
9 ne su ngeen ma waxul gént gi, àtte bi di
benn ci yeen ñépp. Gise ngeen ba nar maa
wax ay fen aki caaxaan, di yaakaar
jamono soppiku. Waxleen ma gént gi rekk,
ma xam ne man ngeen maa wax pireem.»
10 Xërëmkat ya ne Buur: «Buur, amul
kenn ci kaw suuf ku mana wax li ngay
laaj. Te it benn buur ak nu màggaayam ak
dooleem mana tollu, masula laaj lu mel
nii benn taryaax mbaa ñeengokat mbaa
xërëmkat.
11 Li ngay laaj daa jafe, Buur. Kenn
manu la koo wax ku moy yàlla yi, Buur, te
ñoom dëkkuñu ci biir nit ñi.»
12 Ci kaw loolu Buur mer lool ba fees
dell, daldi joxe ndigal ne ñu rey mboolem
boroom xam-xami Babilon.
13 Ba mu ko defee ñu siiwtaane dogal ba,
nara reylu boroom xam-xam ya. Ñuy seet
nag Dañeel aki àndandoom ngir rey leen.
14 Dañeel defug teey, jiital xelam, wax ak
Aryokk, kilifag dagi buur, fekk kooku di
dem, nara reyi boroom xam-xami
Babilon.
15 Mu laaj Aryokk ndawal Buur, ne ko:
«Waaw, lu waral bii dogal bu diis tukkee ci
Buur?» Aryokk xamal Dañeel mbir ma.
16 Dañeel nag dem ca Buur, ñaan ko mu
may ko jot gu mu ko joxe pirim gént ga.
17 Ba loolu amee Dañeel ñibbi, daldi
xamal mbir ma Anaña ak Misayel ak
Asaryaa, àndandoom ya,
18 ngir ñu sàkku yërmandey Yàlla Boroom
asamaan ci wàllu mbóot moomu, ndax ñu
bañ leena rey mook àndandoom yaak
yeneen boroom xam-xami Babilon.
19 Ca guddi ga nag, ñu won mbóot ma
Dañeel ci biir peeñu. Ci kaw loolu Dañeel
sant Yàlla Boroom asamaan,
20 daldi ne:
«Cant gu amul ndoorte amul kemu ñeel na
Yàlla,
xam-xam ak kàttan mooy boroom.
21 Mooy walbati jamono, di soppi demin,
di fal buur, di folli.
Mooy xelal boroom xel mu rafet,
di xamal boroom xel mu ñaw.
22 Mooy feeñal mbóot mu làqu,
xam li ci biir lëndëm,
te leer màkkaanoo ko.
23 Sama Yàllay maam, maa lay gërëm,
di la sant.
Yaa ma may xam-xam ak manoore,
xamal ma li nu la laaj.
Yaa nu xamal mbirum Buur mii.»
24 Gannaaw loolu Dañeel dem ca Aryokk
mi Buur santoon mu rey boroom
xam-xami Babilon. Ba mu demee ne ko:
«Boroom xam-xami Babilon yi, bu leen
reylu. Yóbbu ma ca Buur, ma jox ko piri
mi.»
25 Aryokk gaaw yóbbu Dañeel ba ca
Buur, wax ko ne ko: «Gis naa ci ngàllog
Yudeen ñi ku la mana firil sa gént gi.»
26 Buur wax ak Dañeel mi ñu naan
Beltacar, ne ko: «Ndax wóor na la ne man
nga maa wax li ma gént, wax ma li muy
firi?»

27 Dañeel ne Buur: «Buur, li nga laaj amul
benn boroom xam-xam mbaa ñeengokat
mbaa taryaax walla seetkat bu la ko mana
xamal.
28 Waaye Yàllaa ngi ci asamaan, di xamle
ay mbóot te moo won Buur Nebukatnecar
liy am jamono yiy ñëw. Sa gént gaak la nga
ca gis ca sa kaw lal, lii la:
29 «Buur, ba nga tëddee ca sab lal, sa xel
daa dem ci liy xew bu jamono jii weesoo.
Kiy feeñal mbóot daldi lay won liy xew.
30 Man nag du caageenu xam-xam bu
ma ëpple mboolem kuy dund. Mbóot mii
dañu ma koo won, ndax yaw Buur, nga
xam piri mi, xam li ub sa bopp.
31 «Buur, danga jekki xool, daldi gis jëmm
ju mag ju ñu defar. Jëmm ja réy na lool te
yànjaayam yéeme. Ma nga taxaw janook
yaw, melokaanam raglu.
32 Boppu jëmm ji wurus la wu raxul,
dënn beek loxo yi di xaalis, biir beek pooj
yi di xànjar,
33 yeel yi di weñ gu ñuul, ndëggu yi nag
lenn li weñ gu ñuul la, li ci des di ban bu ñu
lakk.
34 Naka ngay xool, aw doj wu loxo
sànniwul fàq, daldi dal ca tànki jëmm ja
bindoo weñ ak ban bu ñu lakk, daldi koy
rajaxe.
35 Ci kaw loolu weñ gaak ban baak
xànjar jaak xaalis baak wurus wa lépp
bokk rajaxoo, mel ni xataxu dàggay lolli.
Ngelaw li buub ko yóbbu, ba mu ne mes.
Doj wa daloon ca jëmm ja nag doon tund
wu mag, fees àddina sépp.
36 «Loolooy gént gi. Nu wax la piri mi nag,
Buur.
37 Yaw Buur, buuru buur yi, yaw mi
Yàlla Boroom asamaan jox nguur ak kàttan
ak dooleek ndam,
38 te Yàlla teg ci say loxo doom aadama
yeek rabi àll yeek njanaaw yi, nga boole
leen yilif ñoom ñépp ak fu ñu mana dëkke:
yaw yaay boppu wurus bi.
39 «Sa gannaaw geneen nguur* dina
taxaw, gën laa suufe, ñetteelu nguur ga
topp ca di xànjar, tiim àddina sépp.
40 Ñeenteelu nguur ga day dëgër ni weñ.
Ni weñ di toje lépp ba rajaxe lépp ba mu
rajaxoo, noonu lay toje ba rajaxe yooyu
nguur yépp. Mu mel ni ni weñ gu ñuul di
rajaxee lépp.
41 Soo gisee tànk yeek baaraami tànk yi,
lenn li di ban, lenn li di weñ, nguur la guy
xàjjalikoo. Lenn li dëgër dëgëraayu weñ
ndax weñ gi nga gis, mu jaxasook ban bi.
42 Te baaraami tànk yi lenn li di weñ,
lenn li di ban, ni la nguur ga di ame doole
cig wet, néew doole cig wet.
43 Li nga gis weñ gu jaxasook ban mooy
tekki ne buur yi dinañu booloo ci seeni
pexe, waaye seen bennoo du mujj; dafa
mel ni weñ rekk, du jaxasook ban.
44 «Ci jamonoy buur yooyu Yàlla Boroom
asamaan dina samp nguur gu dul tas
mukk, te wenn xeet du ko yilif mukk.
Nguur googu dina tasaare mboolem
yeneen nguur yooyu, ba genn du ci des,
waaye moom day sax ba fàww.
45 Moo waral nga gis doj wu loxo
sànniwul, mu fàqe tund wa, daldi rajaxe
weñ gaak xànjar jaak ban baak xaalis baak
wurus wa. Buur, Yàlla ju màgg ji moo la
xamal liy ñëw. Gént gi wér na, piri mi mata
gëm.»
46 Ci kaw loolu Buur Nebukatnecar ne
gurub, dëpp jëëm fa suuf, sujjóotal Dañeel,
joxe nag ndigal ñu jox ko ay weexal ak
cuuraay.
47 Ba loolu amee Buur wax Dañeel, ne
ko: «Aylayéwén, sa Yàlla mooy Yàllay yàlla
yi, di Sangu buur yi, te it mooy kiy feeñal
mbóot, gannaaw feeñal nga mii mbóot.»
48 Ba mu ko defee Buur teral Dañeel,
may ko lu baree bare, ba noppi def ko
kilifag diiwaanu Babilon gépp, teg ci fal ko,
mu yilif boroom xam-xami Babilon yépp.
49 Ci biir loolu Dañeel ñaan Buur mu
tabb Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego, ñu
yore saytub diiwaanu Babilon. Dañeel
moom nekk ca ëttu buur.

# 3

### *Sànni nañu xariti Dañeel cib taal*

1 Mu am bés Buur Nebukatnecar
defarlu jëmmi wurus, taxawaay ba di
fanweeri meetar, yaatuwaay ba di ñetti
meetar. Mu taxawal ko ca jooru Dura ga
ca diiwaanu Babilon.

* **2.39 *geneen nguur:*** manees naa wax it *weneen askanu buur.*

2 Buur Nebukatnecar nag woolu jawriñ yaak laman yaak jaraaf yaak kàngam yaak farbay alal yaak àttekat yaak ndawi buur yaak mboolem kilifay diiwaan ya, ngir ñu ñëw ca bernde ja mu maye ca daloob jëmm ja mu samp.

3 Ba loolu amee jawriñ yaak laman yaak jaraaf yaak xelalkat yaak farbay alal yaak àttekat yaak ndawi buur yaak mboolem kilifay diiwaan ya, ñépp daje ngir berndey jëmm ja Buur Nebukatnecar samp; ñu daldi taxaw ca kanam jëmm ja.

4 Yéenekat ba nag xaacu, ne: «Dégluleen li ñu leen sant, yeen waa mbooloo yépp ak xeet yépp ak làkk yépp!

5 Bu ngeen di dégg bufta gi ak toxoro gi ak xalam gi ak riiti gi ak kooraa gi ak liit gi ak mboolem jumtukaayu xumbal yi, nangeen sujjóot, màggale ko jëmmu wurus wi Buur Nebukatnecar samp.

6 Képp ku sujjóotul màggal ko, dees koy daldi sànni ci biir taal bu yànj.»

7 Loolu nag waral saa yu nit ña déggee bufta gaak toxoro gaak xalam gaak riiti gaak kooraa gaak mboolem jumtukaayu xumbal ya, ñoom ñépp ay bokk sujjóot, màggal jëmmu wurus ja Buur Nebukatnecar samp, muy mbooloo yaak xeet yaak làkk ya.

8 Ci biir loolu ay xërëmkat dikk, di boole Yawut ya.

9 Ñu wax Buur Nebukatnecar, ne ko: «Buur, guddaluw fan.

10 Buur sang bi, xam nga yaa joxe ndigal ne: “Képp ku dégg bufta geek toxoro geek xalam geek riiti geek kooraa geek liit geek mboolem jumtukaayu xumbal, dangaa wara sujjóot, màggal jëmmi wurus ji.

11 Te képp ku sujjóotul màggal ko, dees na ko sànni ci biir taal bu yànj.”

12 Dafa am ay Yawut yoo tabb, ñu yore saytub diiwaanu Babilon. Ñu di leen wax Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego. Ñooñu de Buur, déggaluñu la. Say yàlla, jaamuwuñu leen; sa jëmmu wurus ji nga samp it, màggaluñu ko.»

13 Nebukatnecar daldi mer lool, ba fees dell. Mu woolu Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego; ñu indi leen ba fa kanam Buur.

14 Nebukatnecar àddu ne leen: «Ndax dëgg la, yeen Sadarag, Mesag ak Abedd Nego, yeena baña jaamu samay yàlla, baña màggal jëmmu wurus ji ma samp?

15 Léegi, bettuma leen. Bu ngeen di dégg bufta geek toxoro geek xalam geek riiti geek kooraa geek liit geek mboolem jumtukaayi xumbal yi rekk, sujjóotleen, màggale ko jëmm ji ma sàkk. Waaye su ngeen ko màggalul, dees na leen daldi sànni ci biir taalu sawara bu yànj. Ana yàlla ju leen di musal ci man?»

16 Sadarag, Mesag ak Abedd Nego ne Buur Nebukatnecar: «Buur, soxlawul ñu di la lay dara.

17 Ndegam Yàlla ji nuy jaamu man nanoo musal ci taalu sawara bu yànj bi, musal nu ci yaw mii, dina nu musal.

18 Su demewul noonu it nag Buur, xamal ne say yàlla dunu leen jaamu; sa jëmmu wurus ji nga samp it, dunu ko sujjóotal.»

19 Ci kaw loolu Nebukatnecar mer lool ba fees dell, kanam gay sël-sëli janook Sadarag, Mesag ak Abedd Nego. Mu santaane ñu xamb taal ba, ba mu gëna tàng juróom ñaari yoon na mu daan tànge;

20 ba noppi mu sant ay dag yu am kàttan ci mbooloom xareem, ngir ñu yeew Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego, sànni leen ca biir taal bu yànj ba.

21 Ñooñu yeew leen na ñu soloo, ñook seeni mbubb ak seeni tubéy ak seeni mbaxana, daldi leen sànni ca biir taal bu yànj ba.

22 Ndigalu Buur nag jamp a jamp, sawara wa boy a boy, ba tàkk-tàkku sawara wa rey dag ya ca sànni Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego.

23 Sadarag, Mesag ak Abedd Nego, ñoom ñett ñépp yeewe ba ne ŋodd, tàbbi ca biir taalu sawara bu yànj ba.

24 Ci kaw loolu Buur Nebukatnecar jommi, ne bërét taxaw, daldi laaj ay dagam ne leen: «Xanaa du ñett lañu yeew, sànni ci sawara wi?» Ñu ne ko: «Ahakay, Buur!»

25 Mu ne: «Xoolleen, ñeent ñu yeewewul laa gis, ñuy daagu ci biir sawara wi te dara dalu leen. Ñeenteel baa ngi mel ni jëmm ju nirook Yàlla.»

26 Nebukatnecar nag jegeñsi ci buntu
taal bu yànj ba, daldi àddu ca kaw ne: «Éey
Sadarag, Mesag, Abedd Nego, jaami Yàlla
jiy Aji Kawe ji, génnleen fii!»
Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego daldi
génne ca biir sawara sa.
27 Ba loolu amee jawriñ yaak laman
yaak jaraaf yaak dagi Buur yéew leen. Ñu
gis nag ne sawara wi lakkul seen yaram
fenn, seen kawaru bopp xoyomuwul,
seeni yére yàquwul, xeeñuñu sax xetu
sawara.
28 Nebukatnecar wax ne: «Cant ñeel na
Yàllay Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego,
moom mi yónni malaakaam, mu wallu
jaamam ñi ko wóolu, ba xëtt sama ndigal
man Buur, te jaay seen bakkan gënal leen
ñuy jaamu mbaa di sujjóotal jeneen yàlla ju
dul seen Yàlla.
29 Dogal tukkee na ci man ne: muy mépp
mbooloo ak bépp xeet ak wépp làkk, képp
ku ci ñàkke kersa Yàllay Sadarag ak Mesag
ak Abedd Nego, ay dog lees koy dog, te
këram dees na ko def ab sën, ndax kat
amul jenn yàlla ju mana walloo ni moom.»
30 Ba loolu wéyee Buur gëna teral
Sadarag ak Mesag ak Abedd Nego ca
diiwaanu Babilon.

### *Buuru yéefar sàbbaal na Aji Sax ji*

31 Bataaxalu Buur Nebukatnecar a ngii,
jëm ci mépp mbooloo ak wépp xeet ak
wépp làkk, ak fu ñu dëkke ci àddina sépp:
Yal na seen jàmm yokku.
32 Màndarga yeek kéemaan yi ma Yàlla Aji
Kawe ji defal, maa ngi am bànneex ci
xamle ko.
33 Ndaw màndargaam yu màgg,
ndaw kéemaanam yu réy!
Nguuram ay nguur gu sax dàkk,
kilifteefam ñeel maasoo maas.

# 4

### *Nebukatnecar géntaat na*

1 Man Nebukatnecar maa ngi woon ci
sama jàmmi kër ak sama teraangay
màkkaan.
2 Ma tëdd sama lal, daldi am gént gu ma
tiital, ak xalaat ak peeñu yu ma indil
njàqare.
3 Ma joxe ndigal, woolu boroom
xam-xami Babilon yépp, ngir ñu xamal ma
pirim gént gi.
4 Ci kaw loolu taryaax yeek ñeengokat
yeek xërëmkat yeek seetkat yi dikk. Ma
nettali leen gént gi, waaye waxuñu ma piri
mi.
5 Ñu mujj ma indil Dañeel, di Beltacar mi
ñu tudde sama yàlla, di ku xelu yàlla yu sell
yi nekk ci moom. Ma wax ko gént gi.
6 Ma ne ko: «Beltacar, kilifay taryaax yi,
man ci sama bopp xam naa ne xelum yàlla
yu sell yaa ngi ci yaw, te menn mbóot
jaaxalu la. Peeñum gént gi ma gént, wax
ma piri mi.
7 Li ma gis daal ci sama kaw lal mooy lii:
Damaa jekki gis garab ci digg àddina si,
mu gudd lool.
8 Garab gay màgg, di réy,
ba njobbaxtal la di laal asamaan,
ñu di ko séen ba ca cati àddina sépp.
9 Xob yaa nga naat,
meññeef ma ne gàññ,
mana dundal ñépp.
Muy keppaaral rabu àll,
di tàggal njanaaw,
di dundal bépp boroom bakkan.
10 «Fi ma tëdd ci sama lal, ma jekki gis ab
wattukat bu sell wàcce asamaan.
11 Mu àddu ca kaw ne:
“Daaneleen garab gi te gor ay bànqaasam.
Wittleen xob yi, tasaare meññeef mi.
Na rab yi jóge ci keppaaram, daw,
njanaaw yi ciy bànqaasam, naaw.
12 Waaye ëkk beek reen yi, bàyyileen ko fi
suuf
ci digg mbooy mi,
te jénge ko càllalay weñ ak xànjar.
Na ko layub asamaan di faam,
muy dunde ñax nig jur.
13 Mu nitoodi,
ame xelum mala
diiru juróom ñaari jamono.
14 Ndogal a ngoog bu wattukat yi tëral,
àttee ngoog bu ñu sell ñooñu digle,
ngir aji dund ji xam ne
Aji Kawe jee yilif nguurug nit,
di ko jox ki ko soob,
di ca fal ki gëna tuut.”
15 «Loolu laa gént, man, Nebukatnecar.
Yaw Beltacar nag, wax ma piri mi. Ndax

boroom xam-xam yi ci sama réew mi,
kenn manu ma cee wax piri mi. Waaye
yaw man nga ko, ngir xelum yàlla yu sell
yaa ngi ci yaw.»
16 Ba loolu amee Dañeel ma ñuy wax
Beltacar ne dann ab diir, jaaxle, xalaat yu
ko tiital dikkal ko. Buur àddu ne ko:
«Beltacar, gént geek piri mi bumu la tiital.»
Beltacar ne ko: «Sang bi, su ma sañoon de
muy sa géntug noon te pireem topp say
bañaale.
17 Garab gi nga gis muy màgg di réy,
njobbaxtal lay laal asamaan, ñu di ko séen
ci àddina sépp,
18 mook xobam yu naat ak meññeefam
mu ne gàññ, mana dundal ñépp; muy
keppaaral rabu àll, di tàggal njanaaw:
19 Buur de, garab googu yaw la. Yaa
màgg, di bare doole; di màgg ba laal
asamaan, sa kilifteef àkki cati àddina.
20 «Buur, li nga gis mooy ne kenn ci
wattukat yu sell yi wàcce asamaan, daa
àddu ca kaw ne:
“Daaneleen garab gi, tas ko,
waaye ëkk beek reen yi, bàyyileen ko
fi suuf ci digg mbooy mi,
te jénge ko càllalay weñ ak xànjar.
Na lay biy wàcc, di ko faam,
muy dunde ñax nig jur
diiru juróom ñaari jamono.”
21 Piri maa ngii, Buur, di dogalu Aji Kawe
ji dal ci sa kaw, Buur, sang bi.
22 Yaw lañuy dàqe ci nit ñi; rabi àll yi ngay
dëkkal, ñax di sam xont niw nag, lay biy
wàcc di la faam diiru juróom ñaari jamono,
ba kera ngay xam ne Aji Kawe jee yor
nguurug nit, di ko jox ku ko neex.
23 Li ñu santaane ñu bàyyi ëkk beek reeni
garab gi mooy tekki ne nguur gi dees na la
ko delloo keroog boo xamee ne Boroom
asamaan mooy Buur.
24 Kon nag Buur, ngalla nangul li ma lay
digal: say moy ak say bàkkaar, daboo ko di
def njekk ak di baaxe néew-ji-doole ndax sa
teraanga sax.»
25 Loolu lépp dal na Buur Nebukatnecar.
26 Ba ñu ca tegee fukki weer ak ñaar yu
mat, muy doxantu ca kaw taaxum kër
buur ca Babilon,
27 ma ngay wax naan: «Xanaa lii du
Babilon gu mag gi ma tabax man, ci sama
doole ju réy, muy péeyu buur, di sama
ndam ak sama daraja?»
28 Kàddug Buur ga daanoogul sax, baat
jibe asamaan àddu ne: «Yaw Buur
Nebukatnecar, dogal ñeel na la ne nguur
gi rëcc na la.
29 Dees na la dàqe ci nit ñi, nga dëkk ak
rabi àll yi, ñax di sam xont niw nag diiru
juróom ñaari jamono, ba kera ngay xam ne
Aji Kawe jee yor nguurug nit, di ko jox ku
ko neex.»
30 Ca saa sa kàddu ga sotti ñeel
Nebukatnecar. Ñu dàqe ko ci nit ñi, muy
dunde ñax niw nag, lay biy wàcc di ko
faam, ba kawar gi sëq ni dunqi jaxaay, ay
wewam di saf yu njanaaw.

### *Nebukatnecar xippi na*

31 Ba àpp ba matee, man Nebukatnecar,
maa séentu asamaan, sama sago délsi. Ma
sant Aji Kawe ji, sargal Kiy dund ba fàww,
màggal ko:
kilifteefam sax fàww,
nguuram ñeel maasoo maas.
32 Mboolem waa àddina
di neen ci moom.
Nu ko neex lay def
ak gàngoori xarey asamaan
ak waa suuf,
te kenn du fél loxoom
mbaa mu naa ko: «Ana looy def nii?»
33 Ba sama sago délsee, ca laa jotaat
ndam ak daraja ngir sama teraangay
nguur. Ba loolu amee samay jawriñ ak
samay jaraaf jëlsi ma; ñu dëjaat ma ci
nguur gi, ma gënatee màgg.
34 Léegi nag man, Nebukatnecar, maa
ngi sant Boroom asamaan, di ko sargal, di
ko màggal. Lu mu def dëgg la, fu mu jaare
njub la, te kuy réy-réylu man na laa
suufeel.

## 5

### *Buur Belsacar a bew ba sànku*

1 Am na bés Buur Belsacar defal ay
jaraafam bernde ju réy. Ña nga tollu ci
junni, muy naan nag ca seen kanam.

* **5.2** ***baay*** bi ñuy wax fii, am na ñu jàpp ne maam la woon ci moom mbaa buur bu ko jiitu woon ci nguur gi rekk, waaye du baayub geño.

2 Biiñ ba jay Belsacar, mu joxe ndigal, ñu
indi ndab yu xaalis yaak yu wurus ya
baayam* Nebukatnecar jële woon ca kër
Yàlla ga ca Yerusalem, ngir ñu naane ca,
mooki jaraafam aki soxnaam aki
nekkaaleem.
3 Ba mu ko defee ñu indi ndabi wurus ya
ñu jële woon ca jaamookaay ba, kër Yàlla
ga ca Yerusalem. Buur di ca naan, mooki
jaraafam aki nekkaaleem.
4 Ña ngay naan biiñ, di sàbbaal yàllay
wurus yaak yu xaalis yaak yu xànjar yaak
yu weñ yaak yu bant yaak yu doj ya.
5 Ca saa sa baaraami loxob nit buy bind
feeñ fa janook tegukaayu làmp ba, ca kaw
miiru kër buur, ba ñu weexal. Buur di
xool catu loxo bay bind.
6 Kanamu Buur nag soppiku, njàqare
dikkal ko, ba ndigg la ne yalax, óom yay
fenqoo.
7 Buur daldi àddu ca kaw, di woolu
ñeengokat yeek xërëmkat yi ak seetkat yi.
Mu wax ak boroom xam-xami Babilon
yooyu ne leen: «Képp ku jàng mbind mii te
wax ma lu mu tekki, dees na ko solal yérey
buur yu xonq curr, takkal ko caqu wurus,
jox ko kilifteef gu koy tofal ci bummi.»
8 Ba loolu amee boroom xam-xami Buur
yépp dikk ba ca biir, waaye manuñoo jàng
mbind ma, bay xamal Buur la muy tekki.
9 Buur Belsacar nag gënatee tiit, kanam
ga gëna soppiku, jaraafam ya it jàq.
10 Ci biir loolu Lingeer, ndeyi Buur, dégg
coowal Buur aki jaraafam, daldi duggsi ci
biir néegu xawaare bi. Mu ne: «Buur,
guddaluw fan! Bul tiit, bu sa kanam
lëndëm.
11 Am na góor gu nekk ci sa réew mi;
xelu yàlla yu sell yaa ngi ci moom, te ci sa
jamonoy baay, gis nañu ci moom ag
ràññee ak xel ak xam-xam bu nirook
xam-xamu yàlla yi. Buur Nebukatnecar sa
baay nag fal ko, mu jiite taryaax yeek
ñeengokat yeek xërëmkat yeek seetkat yi;
12 loolu yépp ndax dañoo gis ci kooku
Buur tudde Beltacar, xel mu ñaw akum
njàng ak ràññee. Day firi gént, di teqantal
ay cax aka lijjanti ay jafe-jafe. Kookooy
Dañeel; kon nañu ko woo, mu wax piri mi.»
13 Ci kaw loolu ñu indi Dañeel fa kanam
Buur. Buur ne Dañeel: «Du yaay Dañeel mi
bokk ci Yudeeni ngàllo ga Buur saa baay
jële Yuda?
14 Dégg naa sab jëw, ñu naan xeli yàlla
yaa ngi ci yaw, te gis nañu ci yaw ag
ràññee akum xel ak xam-xam bu takku.
15 Léegi indiloon nañu ma boroom
xam-xam yeek ñeengokat yi, ndax ñu jàngal
ma mbind mii, xamal ma pireem. Waaye
xamuñu piri mi.
16 Dégg naa nag ne man ngaa firi lool
aka lijjanti mbir yu jafe. Soo ma manee
jàngal mbind mi, wax ma lu muy tekki,
dees na la solal yérey buur yu xonq curr,
takkal la caqu wurus, jox la kilifteef gu lay
tofal ci bummi.»
17 Dañeel nag janook Buur ne ko: «Buur,
dencal sag may te jox keneen say neexal.
Du tee ma jàngal la mbind mi, firil la ko.
18 «Buur, Yàlla Aji Kawe ji daa joxoon sa
baay Nebukatnecar nguur gi, muy ku
màgg, am ndam ak daraja.
19 Màggaay ga mu ko mayoon tax waa
mbooloo yeek xeet yeek làkk yépp ragal
ko, bay lox ci kanamam. Ku ko soob, mu
rey; ku ko soob, mu bàyyi; ku ko soob, mu
fal; ku ko soob, mu toroxal.
20 Waaye ba mu bewee, të ticc bay
réy-réylu, dañu koo jàllarbee ca nguuram,
nangu ndam la,
21 dàqe ko ci nit ñi, def xel ma xelum rab.
Mu dëkk ak mbaami àll yi, am ñax dim
xontam niw nag, lay biy wàcc, di ko faam,
ba kera ba mu xamee ne Aji Kawe jee yor
nguurug nit, di ko jox ku ko neex.
22 «Yaw Belsacar miy doomam nag, xam
nga loolu lépp te taxu laa toroxlu,
23 xanaa ngay diirook Boroom asamaan,
bay santaane ñu indil la ndabi këram, nga
di ci naane biiñ, yaak say jawriñ ak say
soxna ak say nekkaale, ngeen di sàbbaal ay
yàllay xaalis ak yu wurus ak yu xànjar ak
yu weñ ak yu bant ak yu doj, te du ci lenn
luy gis mbaa muy dégg mbaa mu xam
dara. Waaye Yàlla ji yor sa bakkan tey ak
ëllëg sàbbaaloo ko.
24 Moo tax Yàlla yónni loxo bi, mu rëdd
mbind mii.
25 «Mbind mi ñu rëdd mooy: WAÑÑ,
WAÑÑ, NATT, SÉDDALE.
26 Li muy firi mooy:

WAÑÑ: Yàlla waññ na sa nguur, ba jeexal ko.
27 NATT: Nattees na sa diisaay ci nattukaay bi, nga yées.
28 SÉDDALE: Séddale nañu sam réew, ba jox ko xeeti Medd ak Pers.»
29 Ca la Belsacar joxe ndigal, ñu solal
Dañeel yérey buur yu xonq curr, takkal ko
caqu wurus, daldi yégle ne moo topp ci
bummi.
30 Guddi googa lañu rey Belsacar,
buurub waa Babilon.

# 6

## *Dañeel tàbbi na ci paxum gaynde*

1 Ci kaw loolu Daryus waa Medd ba jot
ca nguur ga, fekk ko mu am juróom benn
fukki at ak ñaar.
2 Mu neex Daryus nag, mu fal téeméeri
jawriñ ak ñaar fukk ca réew ma, ñuy saytu
nguur ga gépp;
3 ak ñetti saytukat yu leen jiite, kenn ka
di Dañeel. Saytukat yooyu nag di leen
xamal lu ñuy liggéey, ngir Buur baña
yàqule dara.
4 Ci biir loolu Dañeel di ku ràññiku ci biir
saytukat yaak jawriñ ya, ndax rafetum
xel; ba tax Buur di seet nu mu koy fale, mu
yilif nguur gépp.
5 Ba loolu amee saytukat yaak jawriñ ya
di wuta tuumaal Dañeel ci mbiri nguur gi,
te gisuñu genn tooñ mbaa sikk ci moom,
ndax ku amoon kóllëre la, te giseesul ci
moom genn néewal mbaa sikk.
6 Ñu daldi ne: «Dunu gis mukk lenn lu nu
tuumaal Dañeel. Xanaa nu gis ko ci yoonu
Yàllaam.»
7 Ba mu ko defee saytukat yaak jawriñ
ya ànd rungumloo ba ca Buur, ne ko: «Buur
Daryus, guddaluw fan!
8 Saytukati nguur gépp ak laman yeek
jawriñ yeek xelalkat yeek jaraaf yi mànkoo
nañu, tëral dogalu buur bi yoonal aaye bii:
ci diiru fanweeri fan, képp ku ñaan ci jenn
yàlla mbaa ci nit ku la moy, yaw Buur sang
bi, dees na ko sànni ca kàmbu gaynde ya.
9 Léegi nag, Buur, dogalal aaye bi, te
torlu mbind mi, ba dootul tebbiku, mu
dëppook yoonu waa Medd ak waa Pers wi
dul toxu.»
10 Ci kaw loolu Buur Daryus torlu
mbindum aaye ba.
11 Ba Dañeel yégee ne torlu nañu dogal
ba, teewul mu ñibbi, yéeg ca néeg ba ca
kaw taax ma palanteer ya jublook
Yerusalem, na mu ko daan defe naka jekk
ñetti yoon ci bés. Mu sukk fa, di ñaan aka
sant Yàllaam.
12 Ci kaw loolu nit ña rungumloo, fekk
ko muy ñaan aka dagaan Yàllaam,
13 ba noppi ñu dem fekki Buur, ngir wax
ak moom ca aaye ba mu tëral, ne ko:
«Xanaa du yaa torlu aaye bi ne: képp ku
ñaan jenn yàlla mbaa nit ku la moy, yaw
Buur, diiru fanweeri fan, dees na ko sànni
ca kàmbu gaynde ya?» Buur ne: «Dogal bi
kay wér na, dëppook yoonu waa Medd ak
Pers wi dul toxu.»
14 Ñu ne ko: «Buur, Dañeel mi bokk ca
ngàllog Yudeen ña de, faalewu la, yaak
aaye bi nga torlu. Ñetti yoon ci bés lay ñaan
ay ñaanam ba tey.»
15 Buur dégg ko, am tiis wu réy. Mu daldi
fas yéene ne dina musal Dañeel. Ba jant so
ma ngay wut pexe mu mu ko musale.
16 Ci kaw loolu nit ña rungumlooti ba ca
Buur, ne ko: «Buur, xamal ne yoonu waa
Medd ak Pers tëral na ne mboolem aaye
mbaa dogal bu buur dëggal dootul toxu.»
17 Buur nag joxe ndigal, ñu yóbbu Dañeel,
tàbbal ko ca kàmbu gaynde ya. Buur ne ko:
«Sa Yàlla ji nga saxoo jaamu, yal na la
xettali.»
18 Ba mu ko defee ñu indi aw doj, dëj ko
ca buntu kàmb ga, Buur bës ca jaarob
torlukaayam ak jaarob torlukaayu
jaraafam ya, ba dara dootul mana
soppiku ci deminu Dañeel.
19 Ba loolu wéyee Buur dellu këram.
Lekkul guddi gi yépp, sàkkuwul lu koy
bégal, te nelaw të ko.
20 Ba njël jotee, ba bët di bëgga set, Buur
jóg, daldi gaaw dem ca kàmbu gaynde ya.
21 Naka la jub kàmb ga, daldi woo
Dañeel; baat baa nga tiis. Mu ne ko: «Éy
Dañeel, jaamu Yàlla jiy dund; sa Yàlla ji nga
saxoo jaamu, mbaa mujj na laa xettali ci
gaynde yi?»
22 Dañeel daldi ne Buur: «Buur,
guddaluw fan!

23 Sama Yàlla yebal na malaakaam, mu
tëj gémmiñi gaynde yi, ba defuñu ma dara.
Ndax kat mucc naa ci tuuma sama
digganteek moom ak sama digganteek
yaw it, te defuma dara lu bon.»
24 Buur nag am mbégte mu réy. Ci kaw
loolu mu joxe ndigal, ñu génne Dañeel ca
kàmb ga. Ba ñu génnee Dañeel ca kàmb ga,
gaañuwul fenn, ndax daa wóolu Yàllaam.
25 Ba loolu wéyee Buur joxe ndigal, ñu
indi nit ña tuumaaloon Dañeel, ñu tàbbal
leen ca kàmbu gaynde ya, ñook seeni doom
ak seeni jabar. Àgguñu suuf sax, gaynde ya
alawti leen, dammate seen yax yépp.
26 Gannaaw loolu Buur Daryus bind
waa mbooloo yépp ak xeet yépp ak làkk
yépp, di waa àddina sépp, ne:
«Jàmm ngeen!
27 «Dogal tukkee na ci man, ne mboolem
fu bokk ci sama nguur, nañu fa ragal
Yàllay Dañeel, wormaal ko,
keey Yàlla jiy dund,
kee sax fàww,
nguuram du tas,
kilifteefam du jeex.
28 Keey musle, di xettalee,
di def ay màndarga aki kéemaan,
kaw asamaan ak suuf.
Kee musal Dañeel
ca pàddum gaynde ya.»
29 Dañeel nag gëna am cér diirub
nguurug Daryus ak nguurug Sirus waa
Pers ba.

# Aji Sax ji feeñu na Dañeel

## 7

*(Saar 7.1—12.13)*

*Dañeel gis na ñeenti rabi géej*

1 At ma njëkk ca nguurug Belsacar
buuru Babilon, Dañeel daa gént, peeñu
dikkal ko ci kaw lalam. Mu bind nag gént
gi, doore ko nii.
2 Dañeel da ne: «Damaa gis guddi ci
peeñu mi; mu jekki-jekki am ngelaw lu
jóge ci ñeenti wet, riddeendoo, di yëngal
géej gu mag ga.
3 Ci kaw loolu ñeenti rab yu réy génne ca
géej ga, rab wu nekk wuuteek sa moroom.
4 «Rab wu njëkk waa nga mel ni gaynde,
am laafi jaxaay. Naka laay xool, ñu buddi
laaf yi, yékkatee ko ci suuf, taxawal ko, mu
taxawe ñaari tànk ni nit, ba noppi ñu jox ko
xelum nit.
5 «Ñaareelu rab wa ne jimeet, nirook urs,
di rab wu ñàng. Mu ngi taxawe wet, ŋank
ñetti faar. Ñu ne ko: "Jógal lekk yàpp wu
bare."
6 «May xool ba tey, yem ci rab wu mel ni
segg, am ñeenti laaf. Rab waa ngi am
ñeenti bopp, ñu jox ko kilifteef gi.
7 «May xool ba tey ci biir peeñum guddi
mi, daldi yem ci ñeenteelu rab wu raglu,
ñàng, te am doole ju jéggi dayo. Mu ngi am
bëñi weñ yu réy yu muy moxoñee di
warax li mu fàdd, nappaaje li mu lekkul.
Moom nag wuute naak rab yi ko jiitu yépp,
te fukki béjjén la am.
8 «Ni ma ne jàkk ci béjjén yi, beneen
béjjén bu ndaw ne pëll, génne ci seen biir,
ñett ca béjjén ya jiitu buddeeku. Béjjén bu
ndaw baa nga am bët yu mel ni bëti nit ak
gémmiñ gu muy waxe kàdduy damu.
9 May xool ba tey,
ñuy teg ay gàngune,
góor gu mag gi dikk, toog.
Mbubb maa nga weex furr,
kawaru boppam weex tàll,
ngànguneem ma di saf sawara, wuy sël-sëli,
mbegey ngàngune ma bindoo ni sawara
wu yànj,
10 dexu sawara di wal, balle fa kanamam.
Junniy junnee nga koy jaamu,
mboolooy mbooloo dar ko.
Waa pénc ma toog,
téere ya ubbiku.
11 «May xool ba tey ndax kàdduy damu
yooyu béjjén biy wax, ma gis ñu rey rab
wa, sànni méddam ca taal bu yànj ba, mu
sànku.
12 Rab ya ca des nag, ñu nangu seen
kilifteef. Teewul ñu bàyyi leen ñu dundaat
ab diir.
13 «May xool ba tey ci biir peeñum guddi
ma, gisuma lu moy jëmm ju mel ni doomu
nit di ñëw, mook niiri asamaan, jëm ci góor
gu mag gi; ñu yóbbu ko ba ca moom.
14 Ci kaw loolu ñu jébbal ko kilifteef gaak
ndam laak nguur ga. Ci biir loolu waa
mbooloo yépp ak xeet yeek làkk yi di ko
wormaal. Kilifteefam day sax fàww, du
jeex, te nguuram du foq mukk.

15 «Ba mu ko defee, man Dañeel, ma am
njàqare; sama peeñu yooyoo ma tiital.
16 Ma dem ba ca kenn ca ña fa taxaw,
laaj ko lan la mbir moomu mépp di tekki.
Mu wax ak man, xamal ma piri ma, ne ma:
17 "Ñeenti rab yu mag yooyu, ñeenti
buuri àddina* lañu yuy ñëw.
18 Waaye aji sell yu Aji Kawe ji dinañu jot
ci nguur gi, moom ko fàww, saxoo ko dàkk."
19 «Ba loolu wéyee ma bëgga am lu leer ca
ñeenteelu rab wa wuuteek ya ca des yépp,
ñàng lool, am ay bëñi weñ ak wewi përëm,
di moxoñeeka warax, di nappaaje li mu
lekkul.
20 Ma bëgga am lu leer ba tey ci fukki
béjjén yi ci bopp bi ak beneen ba génn, ba
ñett daanu ca kanamam; mu am ay bët ak
gémmiñ, di wax kàdduy damu, te ëpp yi ci
des.
21 May xool, béjjén boobu di xareek aji
sell yi, di leen daan,
22 ba keroog góor gu mag gi dikk, moom
mi di Aji Kawe ji, daldi jox dëgg aji sell yi;
àpp bi nag mat, aji sell yi moom nguur gi.
23 «La ca topp mu neeti ma: "Ñeenteelu
rab wi mooy ñeenteelu nguur giy taxaw ci
kaw suuf, wuuteek nguur yépp. Dina
mëdd àddina sépp, nappaaje ko, rajaxe ko.
24 Fukki béjjén yi fukki buur lañu yuy
yore nguur googu. Beneen buur dina falu,
wuutu leen. Dina wuuteek ña ko jiitu te
dina folli ñetti buur.
25 Dina yékkati ay kàddu dal ci Aji Kawe
ji, dina fitnaal aji sell yu Aji Kawe ji te dina
fexee soppi takkinu jamono yi ak yoonu
Yàlla wi. Dees na teg aji sell yi ci loxoom
diiru ñetti jamonook genn-wàll.
26 Waa pénc mi toog, ñu nangu
kilifteefam, tas ko, neenal ko ba fàww.
27 Palug mboolem nguur yi asamaan
tiim, ak kilifteef gaak daraja ja dees na ko
boole, jébbal ñu sell ñiy jaamu Aji Kawe ji.
Nguurug mbooloo moomu day sax ba
fàww, kilifa yépp di ko déggal, di ko
wormaal."
28 «Fii la mbir mi yem. Man Dañeel nag,
ma am njàqare lool, ba sama kanam
soppiku, ma denc kàddu yooyu ci sama
xel.»

# 8

## *Dañeel gis na kuuy ak sikket*

1 Ca ñetteelu atu nguurug Belsacar, man
Dañeel am naa meneen peeñu, gannaaw
peeñu ma ma njëkkoona am.
2 Ca biir peeñu ma, maa ngi ci Sus, dëkk
bu dàbbali ci diiwaanu Elam. Ma gis ci
peeñu mi ne maa ngi ci wetu yoonu ndox
ma ñu gas te ñu di ko wax Ulay.
3 Ma séentu, xool, yem ci kuuy mu taxaw
feggook yoonu ndox ma, am ñaari béjjén
yu gudd te benn bi gëna gudd ba ca des.
Waaye bi gëna gudd moo mujja sax.
4 Ma gis kuuy may dañ, di jublu sowu ak
bëj-gànnaar ak bëj-saalum. Menn mala
manu koo të, te maneesula xettali kenn ci
moom. Ma ngay def lu ko neex tey gëna
màgg.
5 May xool, ab sikket jóge sowu, jaare
déndub suuf sépp te laalul suuf. Sikket baa
nga am béjjén bu yéeme ci diggante bët yi.
6 Mu dikk ba tollook kuuyum ñaari
béjjén mi ma gisoon ci wetu yoonu ndox
mi, daldi koy songe xadaru dooleem.
7 Ma gis ko nag, mu dikk ba ca moom,
song kook xadar, dóor kuuy mi, damm
ñaari béjjénam, te kuuy mi manu koo të.
Mu daane ko ci suuf, noote ko, te kenn
manu koo teqaleek moom.
8 Sikket bi mujj màgg lool; ba fa kàttanam
yem, béjjén bu gudd ba damm, ñeenti
béjjén yu yéeme daldi sax, wuutu ko,
jublook ñeenti ngelawi asamaan.
9 Ci kaw loolu béjjén bu ndaw génne ci
béjjén yooyu benn, daldi law a law jublu
bëj-saalum ak penkook réew ma gëna rafet*.
10 Muy màgg nag bay diir mbagg
gàngoori xarey asamaan, ba daaneel yenn
ci ñoom, ak yenn ci biddiiw yi, nappaaje
leen.
11 Muy damu bay diir mbagg Njiital
gàngooru xare gi, daldi dakkal sarax ba ñu
ko daan defal bés bu jot, màbb kër gu sell
ga.
12 Gàngooru xare gi tegu ciy loxoom,
boole kook saraxu bés bu jot bi, lépp cig
tooñam. Béjjén bi dal ci kaw dëgg, daaneel
ko fi suuf, ay pexeem àntu.

* **7.17** ***ñeenti buuri àddina*** yooyu, buuri waa Babilon la woon ak Pers ak Medd ak Geres. * **8.9** ***réew ma gëna rafet*** fii réewum Israayil a tax ñuy wax.

13 Ba loolu amee ma dégg jenn aji sell di
wax, jeneen aji sell ne ko: «Lan mooy àppu
peeñu mii ñu gis, ñu di ci dakkal sarax biy
am bés bu jot, di teddadil gàngooru xare gi,
aka tooñ, di yàq lépp?»
14 Mu ne ma: «Àpp bi ñaari junni laak
ñetti téeméer (2 300) ciy guddeeki bëccëg.
Gannaaw loolu dees na taxawalaat kër gu
sell gi.»
15 May xool ci biir peeñu mi, man
Dañeel, di jéema xam lu muy tekki, jëmm
juy nirook góor, ne jimeet taxaw ci sama
kanam.
16 Ci kaw loolu ma dégg baatu nit jibe ca
digg yoonu ndox ma ñuy wax Ulay. Mu
àddu ca kaw ne: «Jibril, waxal kii peeñu
mi.»
17 Jibril dikk nag ba fi ma taxaw. Ba mu
jegesee, ma tiit lool, ba daanu, sama
kanam dëppu fi suuf. Mu ne ma: «Yaw
doom aadama ji, nanga xam ne peeñu mii
mujug jamono la.»
18 Bi muy wax ak man, ma daanu leer,
sama kanam dëppu fi suuf. Mu laal ma,
taxawalaat ma fa ma taxawoon.
19 Mu ne ma: «Maa ngi lay xamal luy
xew keroog ba sànjum Yàlla di jeex, ndax
muj ga mooy àppu sànj ma.
20 Kuuy mi nga gis mu am ñaari béjjén,
buuri waa Medd ak waa Pers la.
21 Sikket bi, buuru réewum Geres la.
Béjjén bu gudd bi ci diggante bët yi mooy
buur bu njëkk bi.
22 Dañu koo damm, ñeenti béjjén wuutu
ko, di ñeenti nguur yu soqeekoo ca xeet
wa, waaye duñu am doole ni ga jiitu.
23 «Bu nguur yooyu jeexee, ba bàkkaarkat
yi buural, buur bu néeg te bare pexe dina
falu.
24 Dina gëna am doole, waaye du doon
dooley boppam. Yàqam dina jéggi dayo, te
ay pexeem dina àntu. Dina rey ñu am
doole ba ca mbooloom aji sell yi.
25 Xelum njublaŋam lay naxee, di
réy-réylu, ba bett ñu bare, rey leen, te dina
dëkk kilifay kilifa yi. Waaye mooy sànku, te
loxo du ko laal.
26 Peeñum ngoon meek mu bëccëg mi
nga gisoon, te ñu àgge la ko, lu wér la. Yaw
nag neel cell ak peeñu mi, ndax des na fan
yu bare.»
27 Ba loolu amee ma ne làcc, wopp ay
fan, man Dañeel. Gannaaw gi, ma jóg,
dellu ca liggéeyu buur. Ma waaru nag ca
peeñu ma, ndax daa wees sama dég-dég.

# 9

*Dañeel jàngat na waxyu bu Yeremi jottali*

1 At ma njëkk ca jamonoy Daryus ma
bokk ca waa Medd, di doomu Aserus te
falu woon buurub waa Babilon,
2 ca at ma njëkk ca nguuram, man
Dañeel damaa gis ci téere yi limu at yi
kàddug Aji Sax ji xamal Yonent Yàlla
Yeremi*, muy àpp bi Yerusalem wara
gental, di juróom ñaar fukki at.
3 Ma walbatiku jublook Boroom bi Yàlla.
Maa ngi sol saaku, diwoo dóomu-taal,
boole kook koor, toroxloo ko, di ko ñaan
aka dagaan.
4 Ma ñaan sama Yàlla Aji Sax ji, tuubal ko
samay bàkkaar, ne ko: «Yaw Boroom bi,
Yàlla ju màgg ji mata ragal, yaw yaay sàmm
kóllëre ak ngor sa digganteek ñi la bëgg, di
sàmm say santaane.
5 Bàkkaar nanu, ñaaw nanu, tooñ nanu,
gàntal la, dëddu say santaane ak sa ndigali
yoon.
6 Dégluwunu say jaam, di yonent yi jottali
sa kàddu sunuy buur ak sunuy kilifa ak
sunuy maam ak mbooloom réew mi mépp.
7 Yaw Boroom bi, njub ñeel na la, waaye
nun gàcce ñeel na nu bésub tey jii, muy
waa Yuda, muy waa Yerusalem, di waa
Israayil gépp, ku jegeek ku sore, ci biir
mboolem réew yi nga leen dàqe, yóbbu,
ndax li ñu la ñàkke kóllëre.
8 Aji Sax ji, nun kay gàcce ñeel na nu,
nook sunuy buur ak sunuy kilifaak sunuy
maam, ndax moy nanu la.
9 Boroom bi sunu Yàlla, yaay Boroom
yërmandeek njéggal moos, doonte gàntal
nanu la.
10 Noo baña déglu sunu kàddug Yàlla Aji
Sax ji, di topp yoonam yi mu nu jox,
yonent yiy jaamam jottali nu ko.
11 Israayil gépp a moy sa yoon, jàdd, baña
déglu sa kàddu, ba këppoo sa alkàndey ngiñ

* **9.2** Seetal ci Yeremi 25.11-12; 29.10.

gi ñu bind ci yoonu Musaa, sa jaam ba,
ndax danu laa tooñ.
12 Matal nga sa kàddu gi nga wax ci nun,
nook sunu kilifa yi nu yilif, ba nga wàccee
ci sunu kaw, ci Yerusalem, musiba mu réy
mu masula am feneen fu mboolem
asamaan tiim.
13 Ni ñu ko binde ci yoonu Musaa, ni la
nu musiba moomu mépp dikkale, te
tinuwunu la, yaw, sunu Yàlla Aji Sax ji.
Dëdduwunu sunuy bàkkaar it te bàyyiwunu
xel ci sa dëgg gi.
14 Aji Sax ji, looloo waral nga dogu ci
wàcce musiba mi ci sunu kaw, ndax yaw
sunu Yàlla Aji Sax ji, njubte nga jëfe lépp
loo jëf, waaye noo dégluwul sa kàddu.
15 «Léegi nag yaw Boroom bi, sunu Yàlla
ji nu génnee Misraak doole, nun sa
mbooloo, nga siiwale ca sa tur ba sunu
jonni yàllay tey, noo bàkkaar, noo tooñ.
16 Boroom bi, seetal ci sa gépp njubte, ba
waññi sa mer ak sa xadar, mu moy
Yerusalem, sab dëkk, saw tund wu sell.
Ndax kat sunuy bàkkaar ak sunu ñaawtéefi
maam tax na mboolem ñi ñu wër di sewal
Yerusalem ak sa mbooloo.
17 «Kon nag yaw sunu Yàlla, Sang bi, rikk
nangul li ma lay ñaan, di la ko dagaan.
Boroom bi, ngalla geesul ngir yaw ci sa
bopp sa béreb bu sell ba ñu gental.
18 Rikk sama Yàlla, teewlul, déglul te
xippi, ba gis sunu gent yi ak sa dëkk ba ñuy
tudd sa tur. Du sunu njubte lanu lay
dagaane moos, waaye sa yërmande ju yaa
rekk a tax.
19 Boroom bi, ngalla Boroom bi, déglu nu
te baal nu! Rikk Boroom bi sama Yàlla,
teewlul ngir yaw ci sa bopp, te bañ noo
yeexe, ndax saw tur lañu tudde sa dëkk ak
sa mbooloo.»
20 Maa ngay wax aka ñaan, di tuub sama
bàkkaar aka tuubloo Israayil sama ñoñ tey
dagaanal sama tundu Yàlla wu sell wi†, ci
sama Yàlla Aji Sax ji.
21 Maa ngay wax ci ñaan gi, waa ja Jibril
ma ma gisoon lu jiitu ci peeñu mi, daldi
naaw a naaw, dikk ba ci man, yemook
waxtuw saraxu ngoon.
22 Mu xamal ma, ne ma: «Dañeel, léegi
damaa ñëw ngir leeralal la.
23 Ba nga tàmbalee ñaan la kàddu dikk.
Maa la ko yégalsi, ndax yaw ku ñu naw
nga. Déggal kàddu gi te dégg peeñu mi.
24 «Lu tollook juróom ñaar fukki yoon ci
juróom ñaari at lañu àppal sa mbooloo ak
sab dëkk bu sell, ngir dakkal tooñ gi, jeexal
moy gi, jot ñaawtéef gi, saxal njubte ba
fàww, matal peeñum yonent, te diw ab
béreb bu sella sell ngir delloo ko
sellaayam.
25 Nanga xam kon xéll ne: li ko dale
keroog ba ñuy siiwal dogal ba jëm ci leqali
Yerusalem, tabaxaat ko, ba keroog njiit li
ñu fal di feeñ, juróom ñaar fukki yoon ci
juróom ñaari at la. Bu juróom benn fukki
yoon ak ñaar ci juróom ñaari at yi weesoo,
lañuy tabaxaat pénc ak kàmb gu ñu aare
dëkk bi. Waaye jamono yu metti lay doon.
26 Bu àpp boobu weesoo, dees na bóom
ku ñu fal, te kenn du ànd ak moom.
Gannaaw loolu kilifa dina ñëw, ànd ak
gàngooram, yàqate dëkk beek béreb bu sell
bi. Waaye kilifa googu lu mel ni mbënn a
koy mujje. Dogal nañu ne yàqate gi dina
wéy ba keroog xare biy jeex.
27 Dina feddali kóllëre diggam ak ñu
bare ci àppu juróom ñaari at, te ci diggu
àppu juróom ñaar ba lay dakkal sarax yi
ñuy rendi ak yeneen sarax. Ci genn wetu
sarxalukaay bi la yàqkat biy taxawal lu
siblu‡, di sabab yàqute, ba keroog muj gi
ñu ko dogalal ne milib ci kawam.»

# 10

## *Dañeel gis na boroom col gu weex*

1 Ci ñetteelu atu nguurug Sirus buuru
Pers, kàddu daa dikkal Dañeel ma ñuy wax
Beltacar. Kàddu googu di gu wóor tey yégle
xare bu mag. Mu dégg kàddu gi, xam pirim
peeñu mi.
2 Jant yooyu, man Dañeel maa nga doon
ñaawlu diiru ñetti ayi bés.
3 Ñam wu neex lekkuma ko, te yàpp ak
biiñ jaarul sama gémmiñ. Diwuwuma
diwu gu xeeñ it ba ñetti ayi bés yi mat.
4 Keroog ñaar fukki fan ak ñeent ci weer
wi njëkk ci at mi, maa nga ca tàkkal dex gu
mag gi ñuy wax Tiigar.

† **9.20 *tundu Yàlla wu sell wi,*** Yerusalem la. ‡ **9.27 *lu siblu,*** sarxalukaayu tuur la, bu ñu samp ca kër Yàlla ga, di ko sobeel.

5 Ma séentu, xool, yemuma ci ku moy
genn góor gu sol yérey lẽe, gañoo ngañaayal
wurus wu raxul.
6 Yaram waa nga rafet ni peru gànjar,
xar-kanam ba mel ni melax, bët ya mel ni
jumi sawara, loxo yeek tànk yi mel ni
xànjar bu ñu jonj, riiru baatam mel ni
coowal mbooloo.
7 Man Dañeel doŋŋ maa gis peeñu mi. Ñi
ma àndal gisuñu ko. Tiitaange ju réy nag
jàpp leen, ba ñu daw, làquji.
8 Ba loolu amee ma des fa man rekk, ne
jàkk ci peeñu mu réy moomu. Waaye
deseetuma woon doole, damaa jeexal
tàkk, amatuma genn kàttan.
9 Ci kaw loolu ma dégg baatam. Naka laa
dégg baatam, daldi daanu leer, sama
kanam dëppu fi suuf.
10 Yéguma lu moy ab loxo bu ma laal,
yékkati ma, ma teg sama bëti óom ak sama
tenqi loxo fi suuf, di lox.
11 Mu ne ma: «Dañeel, yaw mi ñu naw,
déggal kàddu yi ma lay wax. Jógal taxaw sa
taxawaay, ndax dañu maa yebal ci yaw
nii.» Naka la ma wax kàddu yooyu, ma ne
ñokket, di lox.
12 Mu ne ma: «Dañeel, bul tiit. Bés bu
njëkk, ba nga fasee yéene xam, ba toroxlu
ci sa kanam Yàlla, ca lañu dégg say kàddu te
sa kàddu yooyoo ma taxa ñëw.
13 Waaye malaaka miy wattu nguurug
Pers moo ma dogale lu tollook ñaar fukki
fan ak benn. Mikayel nag, kenn ci
malaakay wattukat yu mag yi ñëw, wallusi
ma. Yàgg naa ca buuri Pers ya.
14 Léegi ñëw naa ngir xamal la liy dikkal
sa mbooloo ci jamono yiy ñëw ndax peeñu
mi ëmb na jamono yooyu itam.»
15 Bi mu may wax kàddu yooyu, maa ngi
sëgg, sama kanam jublu ci suuf, manumaa
wax.
16 Jekki-jekki jëmm ju mel ni nit dikk,
laal samay tuñ. Ma ŋa, àddu, daldi wax ak
ki taxaw ci sama kanam ne ko: «Sang bi,
peeñu mi tax na ma jàq, ba amatuma benn
doole.
17 Te it sang bi, nu may mana waxeek
yaw, sang bi? Amatuma doole te
deseetuma ngelawal gémmiñ.»
18 Ba loolu amee jëmm jiy nirook nit
dellu laal ma, ma amaat doole.
19 Gannaaw loolu mu ne ma: «Yaw nit ki
ñu naw, bul tiit. Jàmm la. Góor-góorlul!»
Muy wax ak man, may amaat doole, ba ne
ko: «Waxal sang bi, dooleel nga ma.»
20 Mu ne ma: «Ndax xam nga lu ma taxa
dikk? Léegi ma dellu xarejeek malaaka
miy wattu réewum Pers; te bu may dem,
malaaka miy wattu Geres dikk.
21 Waaye dinaa la xamal li ñu bind ci
téereb dëgg gi. Kenn jàppalewu ma ci ñooñu
ku dul Mikayel, seen malaakam wattukat,
yeen bànni Israayil.

# 11

1 Man ci sama wàllu bopp nag, maa nga
woon ca wetam, di ko aar aka jàppale, ca at
ma njëkk ca nguurug Daryus waa Medd
ba.»

## *Buur bëj-gànnaar ak buur bëj-saalum a ngi jote*

2 «Léegi, maa ngi lay xamal lu wér. Dama
ne, dina amaat ñetti buur yuy falu ci
réewum Pers, ñeenteel ba dikk, dajale alal
ju bare, ba ëpple leen ñoom ñépp. Bu
demee ba alalam may ko doole, dina def
lépp lu mu man ngir xabtal ñépp ci kaw
nguuru Geres.
3 Waaye buur bu jàmbaare dina falu, di
boroom kilifteef gu yaatu, di def lu ko
soob.
4 Naka lay jóg rekk, nguuram daldi foq,
tas, ñeenti ngelawi asamaan tasaare,
yóbbu. Aw askanam du moom nguur ga, te
nguur ga dootul am doole ja mu amoon.
Nguuram day foq, tàbbi ci loxoy ñeneen ñu
dul askanam.
5 «Buur bëj-saalum* dina am doole,
waaye kenn ca ña mu jiital a koy ëpp
doole, te kilifteefam mooy gëna yaatu.
6 «Gannaaw ay at, buur bëj-saalum ak buur
bëj-gànnaar dinañu mànkoo. Doomu buur
bëj-saalum mooy séysi kër buur bëj-gànnaar,
ngir dëgëral diggante bi. Waaye nguurug
doom ja du yàgg, boroom këram it du
dundaat lu yàgg mook seen doom. Doomu
buur bëj-saalum day dee, mook toppam ak
baayam ak boroom këram.

* **11.5 *buur bëj-saalum:*** réewum bëj-saalum bii ñuy wax buuram, Misra la. Réewum bëj-gànnaar di Siri.

[7] Kenn ci waa këram mooy wuutu
baayam, dikk, dal ca mbooloom xarem
buur bëj-gànnaar, jàll ba ca wàllaa tatay
buur bëj-gànnaar, jëflanteek ñoom, duma
leen, ba daan.
[8] Dinañu lël sax seen jëmmi tuur yu ñu
móol, yóbbu Misra, boole kook seen gànjaru
xaalis ak wurus. Gannaaw loolu dina toog
ay at te du laaleek buur bëj-gànnaar.
[9] Gannaaw gi, buur bëj-gànnaar dina
dem réewum bëj-saalum, doora dellu
réewam.
[10] «Ay doomam yu góor nag dinañu
waajal xare, dajale gàngoor yu takku. Ñu
jubal, bëtt, jàll nim wal, daldi ñoqali, songi
noon ba ca dëkk ba ñu wëralee tata.
[11] «Buur bëj-saalum dina xabtalu, songi
buur bëj-gànnaar. Kooku waajal
mbooloom xare mu mag, waaye mbooloo
moomu dees na leen teg ci seen loxoy
noon.
[12] Mbooloo moomu dees na leen daan,
buur bëj-saalum di ca réy-réylu. Dina rey ay
junniy nit nag, waaye du ko taxa am
ndam.
[13] Li ko waral mooy buur bëj-gànnaar
day dellu waajalaat mbooloo mu ëpp ma
jiitu. Bu amee ay at dina dikkaat, ànd ak
mbooloom xare mu mag ak ngànnaay lu
takku.
[14] «Jamono yooyu ñu bare dinañu jógal
buur bëj-saalum, te ay nit ñu soxor ñu bokk
ci saw xeet dinañu fippu, ni ko am peeñu
indee, waaye duñu ko man.
[15] Buur bëj-gànnaar dina ñëw yékkati ay
jal, gaw dëkk bu ñu wërale tata, nangu ko.
Mbooloom xarey bëj-saalum ak seen ñeyi
xare duñu leen mana të. Duñu am doole ju
ñu leen tëwe.
[16] Ki leen di song dina leen def li ko
soob, ndax kenn du ko të. Dina toog ci
réew mu taaru ma†, te am dooley tas ko.
[17] Dina fas yéenee dikk ak dooley
nguuram gépp, ba dëgëral digganteem ak
buur bëj-saalum. Da koy may doomam
soxna, ngir di ko fexee sànk. Waaye loolu
du sotti, ndax pexe ma du àntu.
[18] Gannaaw loolu dina wuta moom fa
féeteek dun ya, ba nangu ca ay réew, waaye
dina am njiitu xare lu dakkal jëfi
réy-réyloom ji muy toroxale, ba fey ko
añam.
[19] Bu loolu weesoo dina walbatiku dal ci
dëkk yi ñu wëralee tata ci biir réewum
boppam, waaye du sotti. Day daanu, ne
mes.
[20] Ki koy wuutu dina yebal kuy foqati ay
galag yu ñuy yokke puukarey nguur gi,
waaye du yàgg dara, ñu bóom ko ci sutura,
te du doon ci xare.

### *Buur bëj-gànnaar ëpp nay loxo*

[21] «Ku siblu moo koy wuutu, ku
yelloowul darajay nguur. Day duggsi
ndànk, lal ay pexeem, ba nangu nguur gi.
[22] Mboolooy xare yi dinañu defum wal
nig dex, dal ci kawam, waaye dees na leen
rajaxe, ñook genn kilifay mbooloom
kóllëreg Yàlla gi.
[23] Gannaaw bu ñu wóllëranteek moom,
dina wor. Dina gëna am doole, te amul
mbooloo mu bare.
[24] Day dugg ndànk ba ca biir gox ya gëna
woomle ca diiwaan ba. Dina fa def lu ay
baayam aki maamam masula def. Dina lël
ay réew, séddale ay farandoom alal jaak
koom ga. Dina lal pexe yu mu songe ay
tata, waaye loolu ab diir lay doon.
[25] «Bu loolu weesoo dina ànd ak
mbooloo mu bare, daldi yebook doole ak
pastéef ci kaw buur bëj-saalum. Buur
bëj-saalum waajal xare, ànd ak mbooloo
mu réy te bare doole lool, waaye sottiwul
ndax pexe yu ñu koy lalal.
[26] Ci biir loolu ay nit ñuy bokk ak buur
bëj-saalum ndab ñoo koy sànk, ba
mbooloom jóoru, ñu bare tëdd.
[27] Ñaari buur yi dinañu nas lu bon ci
seen xol; di bokk ndab tey waxantey fen.
Waaye seeni pexe du mujj fenn, ndax du
fekk muj ga jot.
[28] Gannaaw gi, buur bëj-gànnaar dina
dellu réewam, yóbbaale alal ju takku. Ni mu
ko nase woon dina fexeel mbooloom
kóllëre gu sell gi‡, doora ñibbi réewam.
[29] «Bu àpp bi jotee, buur bëj-gànnaar dina
dal ci kaw réewum bëj-saalum. Waaye
boobu yoon du deme na woon.
[30] Ay boroom gaal yu mag dinañu jóge
sowu, songsi ko, ba tax mu xàddi, ba dëpp.

† **11.16 *réew mu taaru ma,*** Israayil la. Seetal it ci 11.41.

‡ **11.28 *mbooloom kóllëre gu sell gi,*** bànni Israayil la.

Mu daldi mer lool, sippi ko mbooloom
kóllëre gu sell gi, tey ànd ak ñi dëddu kóllëre
gu sell gi.
31 Ay xarekat yu mu yebal dinañu dem
teddadil kër gu sell gi ñu dàbbali; dinañu
dakkal sarax siy am bés bu ne, ba noppi
teg fa lu siblu§ luy jur yàqute.
32 Ñi sàmmul kóllëreg Yàlla ay nax la leen
di fàbbee, waaye askan wi ràññee seen
Yàlla, pastéef lañuy jëfeji.
33 Te it boroom xel yu rafet yi ci
mbooloo mi dinañu gindi ñu bare. Nattu
dina leen dikkal ab diir; ñii saamar jaar ci
seen kaw, ñii ñu lakk leen, ñee ñu nangu
seen alal, tëj leen.
34 Te bu leen nattu dikkalee, ndimbal lu
néew lañuy am, ndax ñu bare naaféq lañuy
fareek ñoom.
35 Ñenn ci boroom xel yu rafet yi dinanu
jaare ci nattu yu leen di sellal, fóot leen ba
ñu set wecc, ba keroog mujug jamono. Àpp
ba nag des na.
36 «Buur bi dina def lu ko soob. Dina
réy-réylooka damu, ba weesale boppam
tuur yépp, te dina wax gilaawaali jëme ci
Yàlla ji sut lépp. Dina am ndam nag ba
keroog sànjum Yàlla ñoral ko. Li ñu dogal
déy dina am.
37 Buur bi du faale tuuri maamam, du
faale tuur mi jigéen ñi sopp*. Du faale
menn tuur, ndax day damu ba weesale
boppam lépp.
38 Xanaa kay tuur mi yor kaaraangey
tata yi lay jaamu, muy tuur mu ay
maamam xamul woon. Dina ko jaamoo
wurus ak xaalis ak xeer yu jafe ak yeneen
gànjar.
39 Tuuri jàmbur yooyu lay doolewoo, di
song dëkk yi ñu wëralee ay tata. Ku ko
nangul, mu teral la, def la kilifag ñu bare,
ba noppi yoole la ay suuf.
40 Ca mujug jamono buur bëj-saalum
dina fenqoo ak buur bëj-gànnaar. Te itam
buur bëj-gànnaar dina mel ni ngëlén, ne
milib ci kawam, ànd ak watiiri xare aki
gawar ak gaal yu mag yu bare. Dina dugg
ci ay réew, bëtt, jàll nim wal.
41 Gannaaw loolu dina dugg ci réew mu
taaru ma, te ñu bareey daanu. Waaye
Edomeen ñaak Mowabeen ñaak njiiti
Amoneen ñi dinañu rëcc.
42 Dina teg loxoom yeneen réew, te
réewum Misra sax du ca mucc.
43 Dina aakimoo alali Misra, muy
wurus, di xaalis ak mboolem gànjar. Waa
Libi ak waa Kuus it dinañu ko nangul.
44 Waaye nag xibaar dina bawoo penku
ak bëj-gànnaar, tiital ko lool. Noonu mu jóg
ak xadar, rey ñu baree bare, faagaagal
leen.
45 Dina samp xaymay kër buur ci
diggante géej geek tund wu taaru wu sell
wa†. Waaye dina dee, te kenn du ko
taxawu.»

# 12

## *Mujug jamono taxaw na*

1 Malaaka ma waxati ma, ne ma:
«Jamono yooyu ci la Mikayel,
malaakam wattukat mu mag
miy taxawu sa mbooloo, di jóg.
Muy jamonoy njàqare ju masula am,
cosaanal xeet yi ba tey jii.
Bu keroogee sa bokk yiy mucc,
ñooy ñi ñu bind ci téereb dund bi.
2 Ñu bare ñuy nelaw ci seeni bàmmeel
dinañu yewwu.
Ñenn ña nara dund fàww,
ña ca des añe gàcceek njàqare fàww.
3 Ña rafet xel leer nàññ
ni leeraayu déndub asamaan.
Ñi doon xiir mbooloo mi ci njub
ne boyy niy biddiiw, ba fàww.
4 «Yaw nag Dañeel, dencal kàddu yii, muy
kumpa te nga tëj téere bi, tay ko ba mujug
jamono jub. Su keroogee ñu bare dinañu
gëstu fu ne, ba xam-xam yokku.»

## *Dañeel gis na ñaari malaaka*

5 Noonu man Dañeel, may xool ci biir
peeñu mi, daldi yem ci ñeneen ñaar ñu
taxaw, séq dex gi.
6 Kenn ki wax ak ka sol mbubbam lẽe, te
taxaw ca kaw dex ga, ne ko: «Ana fu
kéemaan yiy yem?»
7 Ka sol mbubbam lẽe te taxaw ca kaw
dex ga, ma nga yékkati loxo ndijoor baak
bu càmmoñ ba, te ma dégg ko mu naa: «Giñ

§ **11.31 *lu siblu:*** seetal ci 9.27. * **11.37 *tuur*** moomu lañu gëmoon ne man naa nangul am njur. † **11.45 *tund*** woowu, Yerusalem la.

naa ko ci Kiy dund fàww ne ñetti diir ak
genn-wàll lay doon. Xew-xew yooyu yépp
a ngi dakk keroog bu dooley mbooloo mu
sell mi jeexee tàkk.»
8 Maa ngi ciy dégg waaye xawma lu muy
tekki. Ma ne: «Sang bi, ana nu xew-xew
yooyu di mujje?»
9 Mu ne ma: «Dañeel, demal rekk, ndax
mbir yii dees koo làq, dëxëñ ko, ba keroog
muj ga taxaw.
10 Ñu bare dees na leen sellal, fóot leen
ba ñu set wecc. Waaye ñu bon ñi wéy di
bon, te kenn du ci xam liy xew, teewul ñi
rafet xel dinañu ko xam.
11 Jamono ja ñuy dakkal sarax si ñu wara
joxe bés bu ne, di keroog ba ñuy taxawal lu
siblu* lay jur yàqute, junniy fan ak ñaari
téeméer ak juróom ñeent fukk (1 290) dina
ca topp.
12 Ndokkalee ku muñ nag diiru junniy
fan ak ñetti téeméer ak fanweer ak juróom
(1 335).
13 Waaye yaw Dañeel, muñal ba fa muy
mujje. Su keroogee fekk la nelaw, doora
jóg jël sab yool, ca mujug jamono.»

---

* **12.11 *lu siblu:*** seetal ci 9.27.

# Téereb Yonent Yàlla
# Ose

Ose mi ñu dippee téere bii ab yonent la woon ca réewum Israayil ma féete woon bëj-gànnaar, balaa réew maa daanu ci atum 722 lu jiitu Almasi bi. Ñeent fukki at la ag yónnentam am, te moom ak Amos ak Esayi ak Mise ñoo bokkoon jamono.

Yonent Yàlla Ose la Yàlla woo, sant ko ne ko mu takk ndawus moykat, ba Ose takk ku ñuy wax Gomer. Gomer jural na ko ñetti doom. Seen tur yi nag di junj mbugal mu ñu nara teg Israayil. Ose moo mujj soññ Gomer ci tuub, ngir am njéggal, ba dëjuwaat. Ose nag digganteem ak Gomer ak fi mu jaar ak moom, day misaal fi Yàlla jaare Israayil mi bokkaale.

Ci tënk:
- 1.1—3.5 Ose moo denc Gomer, jigéenu moykat.
- 4.1—8.14 Israayil fippu na ci kaw Yàlla, di jaamu yeneen yàlla.
- 9.1—13.16 Lu jëm ci mbugal muy dikk ngir moyug Israayil.
- 14.1-9 Digeb dëjuwaat jib na.

*Ubbite gi*

1 Kàddug Aji Sax jii moo dikkaloon Ose,
góor giy doomu Beeri, ci janti buuri Yuda:
Osiyas ak Yotam ak Axas ak Esekiyas; ak ci
janti buurub Israayil Yerbowam doomu
Yowas.

*Njabootu Ose misaal la*

2 Ba Aji Sax ji tàmbalee yóbbante Ose
kàddoom, Aji Sax ji da ne ko: «Demal takki
jabaru gànc, nga am ca doomi ngànctu,
ndax réew maa ngi gànctu ngànctu gu réy,
dëddu ma man Aji Sax ji.»
3 Ose dem takki Gomer doomu
Diblayim. Mu ëmb, gannaaw gi mu am
doom ju góor.
4 Aji Sax ji ne ko: «Tudde ko Yisreel. Des
na tuuti dinaa mbugal askanu Buur Yewu
ndax deret ji ñu tuur ci Yisreel. Dinaa
dakkal nguurug waa Israayil.
5 Su bés baa maay damm ngànnaayu
Israayil ca xuru Yisreel*.»
6 Mu dellu ëmb, gannaaw gi mu am
doom ju jigéen. Aji Sax ji ne: «Tudde ko Lo
Ruxama» (muy firi Ki ñu yërëmul), mu ne:
«ndax dootuma yërëm waa kër Israayil,
dootuma leen baal.
7 Waaye waa kër Yuda, maa leen di
yërëm. Seen Yàlla Aji Sax ji laa leen di
walloo, waaye duma leen walloo fitt mbaa
saamar, mbaa ay xare, mbaa ay fas aki
gawar.»
8 Ba Gomer feralee Lo Ruxama, ëmbaat
na, ba am doom, muy góor.
9 Aji Sax ji ne ko: «Tudde ko Lo Ami»
(muy firi Du sama ñoñ), mu ne: «ndax
dungeen sama ñoñ, te man duma seen
dara.

## 2

*Aji Sax jeey dalalaat ñoñam*

1 «Du tere askanu Israayil tollu ni suufas
géej. Deesu ko mana natt mbaa di ko
waññ, te foofa ñu leen noon: “Yeen,
dungeen sama ñoñ,” fa lees leen naa:
“Yeenay doomi Yàlla jiy dund.”
2 Askanu Yuda ak askanu Israayil dañuy
dellu booloo, daldi tabbal seen bopp genn
kilifa, te dinañu sëq ci réew mi, ndax bésub
Yisreel ba dina réy.
3 Nanga woowe sa bokk yu góor: “Ñoñi
Aji Sax ji,” sa bokk yu jigéen, nga ne leen:
“Ñi Aji Sax ji yërëm.”

*Ab layoo rax na kàddug tinu ci Israayil*

4 «Tiiñalleen seen ndey, tiiñalleen ko,
ndax moom du sama jabar,
te man duma jëkkëram.
Nee ko mu bàyyi gànctu
te noppee tegoo màndargam njaaloo.
5 Lu ko moy ma futti ko ba mu ne duŋŋ,
def ko ni bés ba mu juddoo,
melal ko ni màndiŋ.
Maa koy def ni joor gu wow,
marloo ko ba rey ko.
6 Ay doomam, duma leen yërëm,
nde doomi ngànctu lañu.
7 Ñoom seen yaay moo gànctu,
ki leen ëmb moo def lu gàccelu,
naan: “Damay toppi sama far
yi may jox sama lekk ak samag naan

* **1.5** Xuru ***Yisreel*** lañuy misaale deret ju wal, ndax la ñu fa bóomoon ñu bare. Seetal ci *2.Buur ya* 9.7—10.31.

ak samag wëñ ak sama lẽe
ak samag diw ak sama biiñ.”

8 «Moo tax man Aji Sax ji, maa ngii di ñage
yoonam ay dég,
gawe ko ag wërmbal,
ba yoon réer ko.
9 Mooy topp ay faram te du leen dab;
mu seet leen, du leen gis.
Su boobaa mu ne: “Naa dellu ca saa jëkkër
ju njëkk ja,
nde ca laa gënoonu demin.”
10 Moom xamul woon ne man maa ko
doon jox
pepp meek biiñ bu bees beek diw gi,
di ko yéwéne xaalis ak wurus,
ñu di ko jaamoo seen tuur Baal.
11 Kon nag fa ngóob jote laay nangoo sama
pepp,
fa wittum reseñ jote it laay nangoo
sama biiñ bu bees,
maay foqati sama wëñ ak sama lẽe,
ba mu daan sànge yaramam.
12 Léegi maa koy futti, mu ne duŋŋ,
ay faram di gis,
te kenn du ko xettali ci sama loxo.
13 Maay dakkal gépp mbéxam;
ay màggalam, ay Terutel weeram,
ay bési Noflaayam ak mboolem bési
ndajeem.
14 Maay yàqate garabi reseñ aki figg
yi mu noon: “Lii sama peyoor la!
Samay far a ma ko jox.”
Maa koy def ay dédd,
rabi àll yi di ko lekk.
15 Maa koy feyu bési màggal yu tuuri Baal
ya mu leen daan taalale cuuraay,
takk ay jaarooki gànjar,
toppiy faram, fàtte ma.»
Kàddug Aji Sax jee.

### *Aji Sax ji sàkkuwaat na cofeelu Israayil*

16 «Moo tax maa ngii di ko naxtaan,
maa koy yóbbu ca màndiŋ ma,
ba déey ko lu xolam dégg.
17 Foofa laa koy delloo tóokëri reseñam,
defal ko xuru Akor* di buntu yaakaaram.
Fa la may feeloo na woon
ca janti ndawam,
ba muy génn réewum Misra.
18 Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
«ca nga may woowe “Sama jëkkër,”
te dootoo ma woowe “Sama Baal.”
19 Turi tuuri Baal laay jële ci sa gémmiñ,
ba deesatul fàttaliku seen tur.
20 Bésub keroog maa leen di fasal kóllëre
ak rabi àll yeek njanaaw yi,
ak ndëgmeent yi.
Fitt ak saamar akub xare it,
maa koy jële ci réew mi,
te maa leen di may tëraayu jàmm.

21 «Yaw laay digool ba fàww ab séy,
te njekk ak njub ak ngor ak yërmande
ci laay digook yaw ab séy.
22 Ci kóllëre laay digook yaw ab séy,
ba nga xam Aji Sax ji.
23 Bésub keroog, maay nangu,»
kàddug Aji Sax jee,
«maay nangul asamaan,
moom, mu nangul suuf;
24 suuf nangul pepp ak biiñ ak diw,
ñu bokk nangul Yisreel.
25 Maa koy jëmbatal sama bopp ci réew mi,
maay yërëm ki tuddoon “Ki ñu yërëmul.”
Ki tuddoon “Du sama ñoñ,”
ma ne ko: “Yaay sama ñoñ,”
moom mu ne ma: “Yaay sama Yàlla.”»

# 3

### *Aji Sax ji xiir na Israayil ci cofeel*

1 Aji Sax ji ne ma: «Demaatal bëggi jigéen
ju faram bëgg, te muy moykat. Bëgg ko ni
Aji Sax ji bëgge bànni Israayil, doonte
dañuy walbatiku ci yeneen yàlla te bëgg
seen saraxi nàkki reseñ.»
2 Ci kaw loolu ma takk ko ci fukki poseti
xaalis ak juróom, ak ñeenti téeméeri kiloy
lors ak juróom fukk (450).
3 Ma ne ko: «Ay fan yu bare ngay toog fi
man; bul gànctu, bul ànd ak genn góor.
Noonu laay def ak yaw, man itam.»
4 Ndax kat ay fan yu bare la bànni
Israayil di toog te duñu am buur, duñu am
kàngam. Duñu rendi sarax, duñu am tuuri
doj, duñu am xar-sànni, duñu am gàllaaji
kër.
5 Gannaaw loolu bànni Israayil dinañu
walbatiku, wutsi seen Yàlla Aji Sax ji ak
Daawuda seen buur. Ca jant yu mujj ya,

* **2.17 *xuru Akor*** mooy xuru Musiba. Seetal ci *Yosuwe* 7.24-26.

xolub ragal Aji Sax ji lañuy dikke fi moom
akug mbaaxam.

## 4

### *Aji Sax ji tiiñal na kilifay ñoñam*

1 Yeen bànni Israayil, dégluleen kàddug
Aji Sax ji,
Aji Sax ji kat moo séq ab layoo ak waa réew
mi:
«Du worma, du ngor, du gennug ràññee
Yàlla
ci réew mi.
2 Xanaa ay móolu aki wor, bóome, càcc ak
njaaloo.
Dañoo ràkkaaju, di tuur deret ci kaw deret.
3 Moo tax réew mi wowal,
mboolem lu fi dëkke ràgg,
ba ci rabi àll yi ak njanaaw yi,
jëni géej itam day réer.

4 «Waaye bu ci kenn layoo,
bu ci kenn sikke,
ndax sa bokk yee mel ni ñuy layook
sarxalkat yi.
5 Dingeen tërëf bëccëg,
yonent yi ànd ak yeen tërëf guddi,
te maay sànk seen ndey.
6 Sama ñoñ a sànku ndax ñàkka xam;
yeen, xam-xam ngeen gàntal,
ma gàntal seenug carxal.
Yeena fàtte seen yoonu Yàlla,
man it maay fàtte seeni doom.

7 Sarxalkat yi ñu gëna baree, gën ma nee
moye,
seenub sag, gàcce laa koy soppi.
8 Sama saraxi póotum bàkkaari ñoñ
lañuy dunde*,
tey yàkkamti ñu def njubadi.
9 Waaye niki askan wi, niki sarxalkat yi,
maa leen di dikke seen añu jikko,
maa leen di fey seeni jëf.
10 Ñooy lekk te duñu regg,
di gànctu te duñu giir,
nde Aji Sax ji lañu noppee topp.
11 Ngànctu ak biiñ bu yàgg ak bu bees
moo yóbbu seenum xel.
12 Sama ñoñ, seen bant lañuy seetéey!
Seenu yet di leen waxaléey!
Xelum ngànctu moo leen wacc,
ñooy gànctu, lajje fa seen Yàlla.
13 Ca kaw tund yu mag ya lañuy rendee ay
sarax,
cuuraay, ñu taale ca tund yu ndaw ya,
ak ca taatu gii garab gu mag, ba ca gee,
fa ker ga neexe.
Moo tax seeni doom di gànctu,
seen séeti doom di njaaloo.
14 Duma mbugal seeni doom
ndax li ñuy gànctu
mbaa seen séeti doom
ndax li ñuy njaaloo,
ndax ñoom sarxalkat yi ci seen bopp,
ay gànc lañuy teggeendool
te gànc yi ci jaamookaayi xërëm yi,
ñoom lañuy indeendool ay sarax.
Askan wu amulug dégg, sànku.

15 «Yeena ngi gànctu, yeen bànni Israayil,
waaye na Yuda mucc ci googu tooñ.
Buleen dugg Gilgal†,
buleen yéegi Bet Awen‡
di giñ ci Aji Sax jiy dund.
16 Ndegam ni aw nag tëwe ni la Israayil
tëwe,
ndax léegi Aji Sax jee leen di foral
nim xar ci parlu mu ne màww?
17 Efrayim§ googu laa ne, moo lëngook
jëmmi tuur!
Seetaan leen.
18 Seenu ñoll giiful sax, ñuy gànctoo gànctu,
te gàccee gënal seeni kilifa.
19 Callweer a leen di wal,
ñu kersawoo seen saraxi tuur yi.

## 5

### *Njiiti Israayil lajj nañu*

1 «Dégluleen lii, yeen sarxalkat yi!
Teeyluleen, yeen waa kër Israayil!
Teewluleen, yeen waa kër buur!
Yeen la àtte bi ñeel.
Ag fiir ngeen tegoon ca Mispa,
ab caax ngeen laloon ca tundu Tabor,

* **4.8** Seetal ci *Sarxalkat yi* 6.19-22. † **4.15** ***Gilgal,*** béreb la bu ñu daan bokkaalee, ba tur wi mujj taxawe jikkoy dëddu Aji Sax ji. ‡ **4.15** ***Bet Awen:*** li muy firi mooy Kërug Ñaawtéef. Muy tur wu waxi kókkali dendale ak Bet El, tur wi firi Kër Yàlla. § **4.17** ***Efrayim,*** genn la ci giiri Israayil ga ca bëj-gànnaar, moom la Ose faral di woowe réewum Israayil gépp.

2 Fippukat yi gën nañoo xuus ci seen
bóome,
waaye maa leen di yar, ñoom ñépp.
3 Maa xam Efrayim miy Israayil,
umpu ma.
Efrayim, yaa gànctu,
Israayil laa ne, yaa sobeel sa bopp.
4 Seeni jëf a leen mayul ñu dellu ci seen
Yàlla,
nde ngelawal ngànctoo wale fa seen biir,
te Aji Sax ji, faalewuñu ko.
5 Israayil, ag reewandeem a ko tiiñal,
Israayil, ak Efrayim sax, dinañu
fakkastaloo seenug ñaawtéef,
Yuda it ànd ak ñoom fakkastalu.
6 Seen jur gu gudd ak gu gàtt lañuy àndal,
di seet Aji Sax ji, duñu ko gis,
te moo leen dëddu.
7 Aji Sax ji lañu wor,
nde doomi po lañu jur.
Léegi la leen màggalug Terutel weer
di booleek seen suuf, sànk leen.

## *Yàlla dëkk na Israayil ak Yuda*

8 «Walleen bufta bi ca Gibeya,
jibal liit gi ca Raama
te yéene ca Bet Awen*.
Moytul sa gannaaw, Beñamin.
9 Efrayim day gental kera bésu mbugal,
maa xamle ci biir giiri Israayil lu wér péŋŋ.
10 Kàngami Yuda mujj mel ni
ñuy toxal màndargam làccu suuf.
Ci seen kaw laay yuri sama sànj nim ndox.
11 Efrayim lees di noot,
joggati ay yelleefam,
nde moo dogoo topp yoonu caaxaan.
12 Man nag ni gunóoru ñaawat laay mel ci
Efrayim,
te ni bant bu nëb laay mel ci Yuda.
13 Ba Efrayim gisee jàngoroom,
Yuda gis ab danaam,
Efrayim a dem Asiri,
yónnee ca Buur Yareb†.
Waaye manu koo wéral,
mbaa di ko fajal ab danaam.
14 Man dév ni gaynde laay mel ak Efrayim,
ni gaynde gu mat laay mel ak waa kër
Yuda.
Man, man mii maay xotat, wéy,
maay yóbbu te kenn du wallu.
15 Ma daldi ñibbi, ba ñu nangu seenug tooñ,
seet fu ma féete.
Bu ñu jàqee lañuy daw wutsi ma.»

# 6

## *Wooteb tuub jib na*

1 Ca ngeen naan: «Nan dellu ci Aji Sax ji.
Moo nu xotat, te moo nuy wéral.
Moo nu duma, te moo nuy takkal sunuy
góom.
2 Ñaari fan, mu leqali nu,
ñetteel ba mu yékkati nu,
nuy dund fi kanamam.
3 Nan ràññee, di saxoo faale Aji Sax ji.
Ni jant bu fenk la dikkam wóore,
ni ab taw la nuy dikkale,
ni ab tawu mujjantal buy seral suuf.»

4 Aji Sax jee tontu: «Ana nu ma lay def, yaw
Efrayim?
Nu ma lay def, yaw Yuda?
Te sa ngor di xiinu suba,
mbaa ab lay, jekki ne mes.
5 Moo tax yonent yi laa leen di dumaa,
sama kàdduy gémmiñ laa leen di reye.
Seen àttee leen di leeral ni ceeñeeru njël.
6 Ndax ngor laa namm, dub sarax,
ràññee Yàllaa ma gënal saraxi
rendi-dóomal.

7 «Waaye ñoom ca dëkk ba ñuy wax Aadama
lañu feccee kóllëre,
foofa lañu ma wore.
8 Galàdd mooy dëkkub defkati ñaawtéef,
taq ripp ak deret.
9 Ni saay-saay siy tëroo,
ni la sarxalkat yi lëkkoo,
di bóome ca yoonu Sikem.
Ndaw jëf ju ñaaw!
10 Ci kërug Israayil laa gis lu yées:
fa la Efrayim di gànctoo,
Israayil googu laa ne moo sobeel boppam.
11 Yuda yaw it, sam ngóob ma ngay
taxawe,
kera bu may tijji sama wërsëgu ñoñ.

# 7

## *Israayil mooy mburu mu desee ñor*

1 «Bu may faj Israayil

* **5.8** Seetal ci 4.15. † **5.13** ***Yareb*** man naa tekki «xeexkat».

foofu ca Efrayim la seeni ñaawtéef di feeñ,
ànd ak mbonu Samari seen péey.
Dañuy njublaŋ,
sàcc yiy bëtt ci biir kër yi,
gàngoori saay-saay di songe ci biti.
2 Taxul ñu jàpp ci seenum xel ne
seen mboolem jëf ju bon laa bàyyi xel.
Léegi seeni jëf a leen wër ndombo,
ne màkk fi sama kanam.
3 Seenug mbon lañuy bégale buur,
seeni fen di bégal kàngam.
4 Ñoom ñépp a diy njaalookat.
Ñu mel ni taalu mburu bu yànj,
taal bu kay lakk soxlawula xamb,
ca tooyal ba, ba kera xóoy bay funki.
5 Bu sunu buur xewlee,
kàngam yi naan ba wopp,
buur tàllal loxo ay ñaawlekat.
6 Seenub xol lañu waajal nib taal, di tëroo,
kay lakk seen mburu fanaanee nelaw,
bët set taal ba yànj, di fër-fëri*.
7 Ñoom ñépp a tàng jérr nib taal,
te ñooy xoyom seeni njiit,
seen buur yépp a daanu,
te kenn ci ñoom woowu ma wall.

8 «Efrayim† moo jaxasook askani jàmbur,
Efrayim moo di mburu mu ñu walbatiwul cib taal.
9 Ay doxandéem a jeexal dooleem,
te xamu ko;
kawaram weex tàll,
te yégu ko.
10 Israayil, ag reewandeem a ko tiiñal,
te taxul ñu délsi ci seen Yàlla Aji Sax ji.
Loolu yépp taxul ñu wutsi ko.
11 Efrayim daa mel ni pitax,
dofe, ñàkk xel,
di woo wall Misraaka dem Asiri.
12 Bu ñuy dem, maa leen di laaw samab caax,
niy njanaaw laa leen di waddale fi suuf,
fa ma dégge seenum ndaje laa leen di mbugale.
13 Ngalla ñoom, nde ñoo ma daw,
yàqute ñeel na leen, nde ñoo ma gàntal.
Doon naa leen jot
waaye ñoo ma fenal.
14 Du seen xol lañu ma woowe wall,
xanaa di salliiru ci seen kaw lal,
pepp ak biiñ tax ñuy dagg seen yaram‡,
dëddu ma.
15 Maa leen jàngal, dëgëral seeni përëg,
te man lañuy fexeel lu bon.
16 Bu ñu waññikoo it, du fi Aji Kawe ji.
Ni xala gu yolom lañu mel,
te seeni kàngam ay faate saamar
ndax seen sànjum làmmiñ,
te loolu lees leen di reetaane ca réewum Misra.

# 8

## *Ku ji as ngelaw, yaay góob ngëlén*

1 «Sexleen bufta bi!
Noon ni jaxaay jàyy ci waa kër Aji Sax ji,
nde ñoo fecci sama kóllëreek ñoom,
samaw yoon lañu gàntal.
2 Man la Israayil xaacu, ne ma:
“Éy sama Yàlla, maa la ràññee!”
3 Israayil a xalab lu baax,
ba ab noon dàq ko.
4 Ñoo fal ay buur te du sama ndigal,
ñoo tabb ay kàngam, te yéguma.
Seen xaalis ak seen wurus lañu sàkke jëmmi tuur,
muy seen sànkute.
5 Yeen waa Samari, seen jëmmu wëllu wi* dàqu na!
Sama mer tàkkal na leen.
Lu ngeen deeti xaar ci mucc ayib?
6 Israayil la lii jóge,
te ab liggéeykat moo ko sàkk.
Kon lii du Yàlla!
Ay tojit la wëlluw Samari di mujje.

7 «As ngelaw lañu ji, ñooy góob ngëlén.
Gub du jóg, pepp du focci,
te bu pepp amoon it,
jàmbur a koy wann.
8 Dees na wann Israayil;
tey ñu ngi ci biir xeeti jàmbur yi,
mel ni ndab lu kenn bëggul.

* **7.6** Ki jiite pexe mu bon mi moo fanaanee nelaw ca guddig xawaare ga, bët set mu jóg, joxe ab tegtal, ngir ñu sottal pexe ma. † **7.8** ***Efrayim,*** kenn la ci sëti Yanqóoba mi ñu dippee Israayil. Turu Efrayim wi fii, askanu Israayil la fi taxawal. ‡ **7.14** Ñi daan jaamu Baal mi ñu jiiñ ne mooy nangul suuf, ñoo aadawoo woon di dagg seen yaram, di tuur seen deret ci suuf, ngir foog ne loolu mooy tax seen mbey nangu. * **8.5** ***jëmmu wëllu wi:*** seetal ci *1.Buur ya* 12.25-30.

9 Ñoo demal seen bopp Asiri.
Mbaamu àll day beru yoonam,
waaye waa kër Efrayim ñooy jënd ay far.
10 Ci xeeti jàmbur ñi lañuy jënde,
waaye du tee ma dajale leen.
Léegi ñu tegoo nootaangey buur aki kàngam.
11 Efrayim a yokk ay sarxalukaay ngir moy,
ñu doon ay sarxalukaayi moyukaay doŋŋ!
12 Naa ko bindal sama fukki junniy ndigali yoon,
yëfi jàmbur lees koy jàppe.
13 Ñooy rendi jur gi ñu may sarxal,
lekk yàpp wi,
Aji Sax ji bëggu ci dara.
Maay bàyyi xel ci seen ñaawtéef,
mbugale leen seeni moy,
te ñoom Misra lañuy dellu.
14 Israayil moo fàtte ki ko sàkk,
di tabax kër yu yànj.
Yuda moom yokki dëkk yu tata wër.
Maay yebal sawara ci kawi dëkkam,
mu xoyom ay tataam.»

# 9

## *Yàlla dina mbugal Israayil*

1 Yeen waa Israayil, buleen béglu,
buleen bànneexu ni yeneen xeet yi,
nde yeena gànctu, dëddu seen Yàlla,
yeena safoo peyu ngànctu
ci mboolem dàgga ju ñuy bàcce pepp.
2 Ndaxam dàgga ak nalukaayu reseñ
du leen regg,
te biiñ du leen doy.
3 Dungeen des ci réewum Aji Sax ji.
Efrayim, Misra lay dellu,
te ca Asiri, lu daganul lañu fay lekkeji.
4 Duñu tuural Aji Sax ji saraxu biiñ,
te seeni sarax du ko neex.
Seen ñamu sarax day mel ni ñam
wu ku nekk fu nit deewe, sobeel,
ba ku ca lekk sobewu*.
Seenu ñam, seenub koll lay ñeel,
waaye du dugg ci kër Yàlla gi.
5 Ana nu ngeen di def nag, ci bésu ndaje,
bésub màggal bu Aji Sax ji?
6 Ñu ngoogu dem ndax tasteg réew mi,
Misraa leen di fat, Memfis suul leen,
seen tànnéefu xaalis, mbooy mee koy nangu,
te xaaxaam ay saxe seen biiri xayma ya woon.

## *Fexeel nañu yonent yi*

7 Bési mbugal dikk na,
bési añale taxaw na,
na ko Israayil xam.
Yonent lañu jàppe ab dof,
ku yorey waxyu di ku wéradi,
ndax seen ñaawtéef gu réy,
ak seen mbañeel gu tar.
8 Yonent bi mooy wattukat
biy wattul Yàlla ca Efrayim,
waaye ag fiir lees ko lalal ci mboolemi yoonam,
te mbañeel a ngi ci biir kër Yàllaam.
9 Ñoo sóobu ci xóotey yàqute,
na woon ca janti Gibeya†,
te Yàlla mooy bàyyi xel seenug ñaawtéef,
ba mbugale leen seeni moy.

## *Israayil wor na Aji Sax ji*

10 Aji Sax ji nee na: «Ni cabbu reseñu biir màndiŋ,
ni laa fekke Israayil.
Ni ndoortel doomi figg ju ndey ja taawloo,
ni laa gise seeni maam.
Waaye ñoom ñoo dem Baal Pewor,
ñoo sédd seen bopp Baal, tuur mu ruslu mi,
ba tax leena seexluwu ni kooku ñu sopp.
11 Efrayim, ab sagam ni picc lay naawe,
du njurum doom, dub ëmb, du doom ju sosu sax.
12 Bu ñu yaroon seeni doom it,
maa leen leen di xañ, ba kenn du des.
Te it ngalla ñoom, bu ma leen dëddoo.
13 Ni ma dogule Tir dëkk ba
bi jëmbate ci parlu mu naat,
ni laay dogule Efrayim,
ba yóbbul ay doomam ab bóomkat.»

14 Aji Sax ji, yool leen!
Ana loo leen di yool?
Yool leen biir yu yàqu,
ak ween yu ne sereŋ.

* **9.4** Bokk ag lekk ci néeg bu nit deewe daan na sobeel ña fa lekk. Seetal ci *Màndiŋ ma* 19.14-22. † **9.9** Ca ***Gibeya*** lañu bóome woon as ndaw, ba ñu mujj dagg ko ay dog yu ñu def firnde, yónnee ko bànni Israayil gépp. Seetal ci *Njiit ya saar* 19—21. ‡ **9.15** ***Gilgal*** mooy dëkk bu ñuy misaale jëfi bokkaale. Seetal ci 4.15.

15 Aji Sax ji neeti: «Seen gépp mbon moo
feeñ ca Gilgal‡,
te fa laa leen jéppee ndax mbonug seeni jëf.
Sama kër laa leen di dàqe,
te dootuma leen bëgg,
seeni njiit yépp a diy fippukat.
16 Duma nañu Efrayim,
ay reenam wow,
du meññ benn doom.
Bu juroon itam, maay rey
ngëneelu biiram.»

17 Sama Yàlla moo leen di xalab,
nde ñoo ko déggalul,
te ñooy taxawaaluji ci biir xeeti jàmbur yi.

# 10

## *Israayil ŋarale na*

1 Israayil di reseñ gu naat,
meññal boppam lu ne gàññ,
te lu meññeef ma gëna yokku,
mu gëna yokkati sarxalukaayi tuur.
Lu am réewam gëna baaxle,
mu gëna baaxal ay tuuri doj.
2 Ñooy boroom xolub jinigalkat,
te tey ñooy gàddu seen bàkkaar.
Aji Sax ji mooy toj seeni sarxalukaay,
tas seen tuuri doj.
3 Léegi ñu ne: «Amunu buur,
ndax noo wormaalul Aji Sax ji.
Te su nu amoon buur it, lu mu nu manal?»
4 Ñooy wax seeni wax,
di giñe ay fen yu ñuy fasoo kóllëre,
ba yoon mel ni gàncaxu tooke
ju law ca tooboy tool ya.
5 Waa Samaree ngi am tiitaange
ci sëllu wu ñu xelli ca Bet Awen*,
askan wa di tiislu tuur ma,
ay xërëmkatam di lox ndax darajay sëllu
ji leen dëddu, gàddaay.
6 Moom it lees di yóbbu Asiri,
defal ko buur bu mag ba ab galag.
Gàcce mooy jàpp Efrayim,
Israayil laa ne, mooy rus ci mébétam.
7 Samari lees di tas, mook buuram,
mu mel ni bant buy tëmb di dem.
8 Bérebi jaamookaay ya ca Bet Awen,
bàkkaarukaayi Israayil yooyu lees di tas.
Ay dég aki dagg ñooy sax ca seeni
sarxalukaay.
Dees na ne tund yu mag yi: «Daanuleen ci
sunu kaw»
te naan tund yu ndaw yi: «Suulleen nu.»

9 Aji Sax ji nee na: «Israayiloo, ca janti
Gibeya† nga dala moye,
te foofu la waa réew mi tollu ba tey.
Luy tee xare dabe nit ñu jubadi ñi ca
Gibeya?
10 Saa yu ma soobee ma yar leen.
Ay xeet ay daje, jógal leen,
jéng leen ndax seen ñaari ñaawtéef.
11 Efrayim aw nag wu nangu la woon,
te sawaroona bàcc am pepp.
Maa ràng loosam wu jekk.
Maa takk Efrayim,
Yuda gàbb, Yanqóoba rijjil boppam.
12 Jiwalleen seen bopp njub,
ba góobe ca lu ngor maye.
Gàbbleen ag mbooy,
jaamu Aji Sax ji jot na,
ba kera muy dikk, tawal leen njub.
13 Yeena bey ag coxor,
góob ag mbon.
Yeena lekk meññeefum fen,
nde yeena wóolu seen pexey bopp,
ak seen jàmbaar yu bare.
14 Am riir mooy jollee ca sa biir gàngoor,
sa tata yépp tas,
na Salman tase woon Bet Arbel,
keroog bésub xare ba,
ba ñu jëlee ndey, fenqaleek doom, ñu
rajaxoo.
15 Noonu lees leen di def, yeen waa Betel
ndax seen mbon gu réy.
Jant a ngay fenk, buurub Israayil dee wett.

# 11

## *Cofeel la Aji Sax ji tontoo fippug Israayil*

1 «Maa soppoon Israayil ba muy ndaw,
Misra laa woowe sama doom, mu génne fa.
2 Lu ñu leen gëna woo,
ñu gën maa sore.
Ay tuuri Baal lañuy defal ay sarax,
te ay xërëm lañuy taalal cuuraay.
3 Ndaxam man maa tette Efrayim, fab ko,

* **10.5** ***Bet Awen:*** li muy firi mooy Kërug Ñaawtéef. Muy tur wu waxi kókkali dendale ak Bet El, tur wi firi Kër Yàlla.
† **10.9** ***Gibeya:*** seetal ci *Njiit ya* saar 19—21.

te ràññeewuñu ne maa leen toppatoo.
4 Ay goji nit laa leen ñoddee,
ay buumi cofeel.
Maay ki leen yolomalal ŋalaabi ŋaam,
sëgg, leel leen.
5 Duñu dellu réewum Misra*.
Waa Asiri ñooy doon seen buur,
nde ñoo baña délsi fi man.
6 Ab saamar ay wëndeelu ca seen dëkk yu mag,
dàjji seen bunti dëkk,
ba warax leen ndax seeni mébét.
7 Sama ñoñ dañoo làggi ci ñàkke ma kóllëre,
woowees na leen fa kaw,
te kenn ci ñoom jógul.

8 «Efrayim, ana nu ma lay dëddoo;
yaw Israayil laa ne, nu ma lay tege ciy loxo?
Ana nu ma lay defe ni Adma?
Nu ma lay yemaleek Ceboyim†?
Sama xol a bëpp,
sama yërmandee yëngu.
9 Duma wéye di tàkkal sama mer,
duma yàqateeti Efrayim,
ndax maay Yàlla, duma nit,
maay Aji Sell ji ci seen biir,
duma dikke am sànj.
10 Dees na topp ci gannaaw Aji Sax ji,
muy yëmmu ni gaynde.
Mooy yëmmu moos ni gaynde,
ay doomam di lox, jóge sowu.
11 Ni njanaaw lañuy loxe, jóge Misra,
mel nim pitax, bawoo Asiri.
Maa leen di dëël seeni kër.»
Aji Sax jee ko wax.

# 12

## *Aji Sax ji layoo na ak Israayil ak Yuda*

1 «Efrayim, ay fen la ma gawe,
waa kër Israayil laa ne,
ñoo ma yéewe ag njublaŋ,
te Yudaa ngi fippu ci kaw Yàlla ba tey,
di fecci kóllëreem ak Ku sell ki.»

2 Efrayim mooy sàmmkatub ngelaw,
yendoo topp ngelawal penku,
di yokki fen ak fitna,
fasoo kóllëre ak Asiri,
yónnee yóbbalu diw ba Misra.
3 Aji Sax ji moo séq ak Yuda ab layoo,
mooy mbugale Yanqóoba ay jëfinam,
añale ko ay jëfam.
4 Ci biiru ndeyam la kii suufoo ab seexam;
kii moo tollu ci dooleem, bëreek Yàlla.
5 Kee bëreek malaaka, ba génn ca,
kee jooy di sàkku aw yiwam.
Fa Betel la ko fekk,
te foofa la Yàlla waxeek nun.
6 Aji Sax ji Yàlla Boroom gàngoor yi,
Aji Sax jee di turu bàkkam.
7 Yaw nag, ca sa Yàlla nga wara dellu,
ngor ak njub, sàmm ko,
te nga saxoo yaakaar sa Yàlla.

8 Ni Kanaaneen biy jula, ni la Efrayim
yore màndaxekaayu njublaŋ cib loxoom,
bëgga naxe.
9 Efrayim a ngi naan: «Woomle naa,
maa amal sama bopp alal,
te mboolem samaw ñaq, giseesu ci
tooñaange ju di bàkkaar.»

10 «Man Aji Sax ji dale di sa Yàlla ca Misra,
maa lay dëëlaat ciy xayma,
na woon ca bésub ndaje.
11 Maa wax ak yonent yi,
yokk peeñu yi,
te yonent yi, maa leen léeb ay misaal.»

12 Su Galàdd dee dëkkub defkati ñaawtéef,
dañoo tekkiwul dara.
Fa Gilgal lees di rendee ay saraxi yëkk,
te seeni sarxalukaay ni jali xeer lay mel
ci ay tooboy tool.
13 Yanqóobaa dawoon ba réewum Siri,
Israayil laa ne, moo liggéey ngir am jabar,
wut jabar tax koo sàmm ag jur.
14 Ci loxol yonent la Aji Sax ji génnee Israayil Misra,
te ab yonent la sàmmloo Israayil.
15 Waaye Efrayim moomoo ko merloo,
naqaral ko.
Deret ji mu tuur la Boroomam di këpp ci kawam,
añub tooñam la koy fey.

* **11.5** Loolu mooy duñu dellu ci njaam ga ñu nekke woon ca Misra. † **11.8** ***Adma*** ak ***Ceboyim*** ñooy ñaari dëkk yu Yàlla boole ak Sodom ak Gomor, dëkk ya ñu dendaloon, tas leen.

# 13

### *Mbugalum fippu ci kaw Aji Sax ji du jaas*

1 Bu Efrayim daan wax, ñépp ay lox;
mu amoon daraja fi digg Israayil.
Waaye moo sikkal boppam ci tuuri Baal,
ba dee.
2 Léegi ñu ngi gën di bàkkaar,
di xellee ci seen xaalis jëmmu tuur,
ay jëmmi xërëm yu ñu sàkke seen xareñte,
lépp di càkkéefu ay liggéeykat,
te ci ñoom la nit ñi naan:
«Rendikati sarax yaa ngi fóon ay tuuri
wëllu.»
3 Moo leen tax di naaxsaay ni niiru suba,
mbaa layub njël,
mbaa boob bu naawe ca dàgga ja,
mbaa saxaar su gillee ci jankub néeg.

4 «Man Aji Sax ji, fa Misra laa dale di seen
Yàlla,
xamuleen Yàlla ju dul man,
te kenn du musle ku ma moy.
5 Man maa leen ràññee ca màndiŋ ma,
ci biir réewum maral.
6 Ngeen wëtti ba regg,
regg, bew, ba tax ngeen fàtte ma.
7 Moo tax ma mel ni gaynde ci yeen
di tëroo ni segg ciw yoon.
8 Maay dajeek yeen ni rab wu aay
wu ñu xañi doom,
maay xotti seen mbuusum xol,
fa laa leen di yàppe ni gaynde,
te rabu àll moo leen di xotat.

9 «Israayiloo, yàqu nga,
te maa yor sa wall.
10 Ana seen buur boog,
ba mu xettali leen ci seen mboolemi dëkk?
Ana seen njiit yi ngeen sàkku woon, ba ne
ma:
"Falal nu buur aki kàngam"?
11 Ci biir mer laa la falal buur,
te ci sama sànj laa ko follee.

12 «Takkees na ñaawtéefi Efrayim,
rënkees na ay moyam.
13 Lu mel ni mititu mat moo dikkal waa jii,
te muy doom ju amul xel,
ba juddu jot, génnul biiru ndeyam.
14 «Man nag ndax maa leen di musal ci
njaniiw?
Ndax maa leen di jot ci dee?
Moo yaw dee, ana say mbas?
Yaw njaniiw laa ne, ana sa tooke?
Fomm làqu na ma!
15 Efrayim moom, su naatee ci biiri
bokkam it,
fa màndiŋ ma la ngelawal penku*,
ngelawal Aji Sax ji di uppe,
bëti ndoxam tëju,
ay teenam déy.
Kii mooy sëxëtoo ab dencam,
ak mboolem lu cay alal.

# 14

1 «Dees na topp waa Samari,
nde ñoo fippu ci seen kaw Yàlla.
Saamar lañuy faate,
seeni doom, ñu rajaxe leen,
seen jigéeni wérul, ñu butti.»

### *Dëpp, am njéggal*

2 Israayiloo, dellul ci sa Yàlla Aji Sax ji,
fakkastaloo nga sag ñaawtéef.
3 Waajalleen ay kàddu te dellu ci Aji Sax ji,
ne ko: «Baal nu mboolem ñaawtéef
te nangul nu,
nu yékkati kàdduy màggal
yu wuutu saraxi yëkk.
4 Asiri du nu xettali,
ay fasi xare it, dunu ko war,
te dootunu wax lu nu sàkke sunuy loxo, ne
ko:
"Yaw yaa di sunu Yàlla."
Li nuy wax kay mooy yaw yaay kiy yërëm
jirim.»

5 Aji Sax ji nee: «Maay garabal seenug
déggadi,
maa leen di bëggal sama bopp,
nde mereetuma leen.
6 Maay mel nib lay buy guusal Israayil,
ñu focci ni tóor-tóor,
seeni reen sampu ni garabi Libaŋ,
7 car ya law, yànj nig oliw,
xeeñ ni gottub Libaŋ.
8 Ñooy délsi, keppaaroo ko,
dellu ji, pepp dundaat.
Dañuy giir nig reseñ,

* **13.15** Wetu penku la réewum Asiri féete woon Efrayim, ngelawal penku di taxawe congum Asiri.

am bayre ni biiñu Libaŋ.

9 «Yeen Efrayim, lu ma masa séq ak jëmmi
tuur?
Man maa leen di nangul, di leen wattu,
di leen keral ni garab gu naat gu dul ruus,
sa meññeef bawoo fi man.»

10 Ku rafet xel, na dégg lii,
kuy ràññee na ko xam.
Yooni Aji Sax ji kat day jub,
te kuy jubal jaare ca,
ab jàddkat moo cay tërëf.

# Téereb Yonent Yàlla
# Yowel

Li fés ci kàdduy waxyu yi Yonent Yàlla Yowel jottali mooy bésub Aji Sax ji, muy bésub sànj mu réy. Bésub mbugal mu réy lay doon ci askanu Israayil wi dëddu seen Yàlla, waaye yar yu tar lay doon it ci askani jàmbur ñi, ngir ñaawtéef gi ñu doxale ak Israayil. Congum njéeréer mooy li Yowel jëmmale moomu mbugal mu metti. Yowel nag di soññe ci déggal Yàlla, ndax tuub ba dund kat moo gën fuuf.

Li Yàlla bëgg daal mooy barkeel ñoñam, waaye du sànk leen. Ndax kat li waral njéeréer yi, du lenn lu moy ubbi bëti askan wi, ci bi mu weesagul.

Ci tënk:

Saar 1 Congum njéeréer yi dikk na, di ab misaal.

Saar 2 Digeb barke jib na.

Saar 3 Mbugal ñeel na nooni Israayil.

*Ubbite gi*

1 Kàddug Aji Sax jii moo dikkal Yowel doomu Petuwel.

*Njéeréer ak maral jubsi na*

2 Dégluleen, yeen mag ñi,
teewluleen, yeen waa réew mi ñépp.
Ndax lii mas naa am ci seeni jant,
mbaa seen janti maam?
3 Waxleen ko seen doom yi ngeen jur,
doom yi ngeen jur wax ko doom yi ñu jur,
doom yi ñu jur wax ko geneen maas.
4 Ndesu soccet yi, la njéeréer yi lekk,
ndesu njéeréer yi, seenu tostan lekk,
seen ndesu tostan, salleer yi lekk.
5 Màndikat yee, yewwuleen, jooyoo.
Naan-kati biiñ yee, jooyleen biiñ bu bees
bi ñu foqatee ci seen gémmiñ.
6 Aw xeet a dal ci samam réew,
am kàttan, wees ab lim,
seeni sell di selli gaynde gu góor,
seeni ŋaam di ŋaami gaynde gu jigéen.
7 Samag reseñ lañu yàqate,
samag figg lañu xas a xas, ba mu set,
ñu sànni, car ya weex tàll.
8 Neeleen wóoy ni janq bu woddoob saaku,
di ko ñaawloo jëkkëram
ja ñu ko dencaloon ba muy lu tuut.
9 Saraxu pepp ak saraxu tuuru dagg na
ca kër Aji Sax ji.
Sarxalkat yi, boroom dénkaaney Aji Sax ji,
ñu ngi ñaawlu.
10 Tool yi yàqu yaxeet,
suuf sëngéem ciw tiis;
pepp yàqu, biiñ bu bees wow, ag diw ŋiis.
11 Yeen beykat yi, rusleen;
boroom tóokëri reseñ yi, yuuxooleen,
ndax peppum bele baak lors ba,
nde ngóob mi sànku na.
12 Ag reseñ wow, figg lax,
gërënaat, tàndarma, ak pom, mboolem garabi tool,
wow koŋŋ.
Mbég daal a rasu doom aadama.

*Wooteb koor ak ñaan jib na*

13 Yeen sarxalkat yi, gembuleen te tiislu,
yeen ñi dénkoo sarxalukaay bi, yuuxuleen,
yeen boroom dénkaaney sama Yàlla, dikkleen,
sol ay saaku yu ngeen fanaanoo, ngir toroxlu,
nde xañees na seen kërug Yàlla ga
saraxu pepp ak saraxu tuuru!
14 Sellalleen ag koor, woote am ndaje,
wooleen mag ñi, ak mboolem waa réew mi,
ca seen kër Yàlla Aji Sax ji,
te ngeen woo Aji Sax ji wall.

*Bésub Aji Sax ji dëgmal na*

15 Céy, bii bés! Bésub Aji Sax ji moo dëgmal,
te ni sànkute gu bawoo fa Aji Man ji lay dikke.
16 Xanaa du ag lekk a dagg, nuy gis,
te mbég ak bànneex tukkee sunu kër Yàlla ga?
17 Aw jiwu wow na, suule ciy donji suuf,
dencukaay yi wéet, sàq yi dàjjiku, am pepp wow.
18 Céy ni mala yiy binnee!
Gétti nag yaa ngi jànnaxe, ndax ñàkk parlu,
gàtt yi itam loof.

19 Yaw Aji Sax ji laay woo,
sawara moo lekk parluy àll bi;
ag daay a xoyom garabi àll bi yépp.
20 Rabi àll yi it ñu ngi àppaat, jublook yaw,
nde wali ndox yee ŋiis,

te sawara xoyom parluy àll bi.

## 2

### *Congum noon yi nuyoo na*

1 Walleen bufta ca Siyoŋ,
dégtalleen ab yéene ca sama kaw tund wu sell.
Na waa réew mi mépp lox,
nde bésub Aji Sax jaa ngi dikk
te dëgmal na.
2 Bésub lëndëm këruus ak guddi gu fatt taraj,
bésub ay niir ak ay xàmbaar,
mbete bànqanoos bu lale ci kaw tund yi.
Gàngoor gu mag te am doolee ngi,
gu ni mel masula am mukk,
te dootul am feeki at, ba maasoo maas.
3 Lu leen jiitu, sawara lekk;
lu leen topp, ag daay xoyom.
Ni toolub Àjjana la réew mi
ci seen kanam di mel,
ñu won ko gannaaw,
muy màndiŋ mu wéet,
te kat dara du leen rëcc.
4 Seen melo ni melow fas,
ñuy daw ni fasi xare.
5 Ni watiiri xare di ker-keree,
ni lañuy cëppoo ca kaw tund ya,
mbete sawara wuy lakk boob, di fet-feti.
Gàngoor gu am doole lañuy dikke,
làng-déral xare!
6 Ñépp a leen di gis, jàq,
kanam yépp di tàkk.
7 Niy jàmbaar lañuy songe,
ni ñeyi xare lañuy yéege am tata.
Ku nekk ay jubalu yoonam,
kenn wàccul aw ñallam.
8 Kenn buuxul moroom ma,
ku nekk aw sélam lay topp,
ci biir saan yi lañuy xuus, jàll it,
te duñu taxaw.
9 Dëkk bi lañuy song,
ci kaw tata ji lañuy dukkate,
ci kaw kër yi lañuy yéeg it,
te ci palanteer yi lañuy jaare dugg niy sàcc.
10 Bu ñu jubsee, suuf yëngu,
asamaan rëng-rëngi,
jant ak weer giim,
biddiiw yi fat seenug leer.
11 Aji Sax jeey àddu fi kanam mbooloom xareem,
dalam ba réy lool,
te kiy jëfe ndigalam am kàttan.
Bésub Aji Sax ji kay moo réy te raglu lool!
Ana ku ko mana dékku?

### *Dellu ci Aji Sax ji jot na*

12 «Terewul ba léegi,» kàddug Aji Sax jee,
mu ne: «delloosileen seen léppi xol ci man,
boole kook koor aki jooy aki yuux.
13 Du seeni yére doŋŋ ngeen di xotti,
ngir ñaawlu,
seenub xol ngeen di xottiwaale, ñaawloo ko.
Waññikuleen ci seen Yàlla Aji Sax ji,
mooy boroom yiw ak yërmande;
mer maa diib, ngor ga bare,
muy fomm mbugal.
14 Jombul mu dëpp, fomm,
bàyyi gannaawam barke,
ba ci saraxu pepp ak saraxu tuuru,
ñeel seen Yàlla, Aji Sax ji.»

15 Walleen bufta fa Siyoŋ,
sellalleen ag koor, te woote am ndaje.
16 Dajaleleen askan wi,
sellalleen mbooloo mi,
wooleen mag ñi,
te ngeen dajale gone yi ba ci ñiy nàmp.
Na boroom séet génn ab néegam,
séet ba génn xaymab céetam.
17 Diggante dalluwaayu buntu néeg bu sell beek sarxalukaay bi,
sarxalkat yi, boroom dénkaaney Aji Sax ji,
nañu fi taxaw jooy;
nañu ne: «Aji Sax ji, yërëmal sa ñoñ;
bul wacce say séddoo gàcce,
ak ñaawley xeeti jàmbur yi.
Lu jar ñuy wax ëllëg ci biir askani jàmbur yi,
naan: “Ñii, ana seen Yàlla ji?”»

### *Aji Sax ji nangu na ñaan*

18 Aji Sax ji moo fiire am réewam,
ñeewante ñoñam.
19 Aji Sax jee àddu, ne ñoñam:
«Maa ngii di leen yónnee am pepp,
ak biiñ bu bees akug diw,
ba ngeen regg,
te dootuma leen gàcceel
ci biir xeeti jàmbur yi.
20 Waa bëj-gànnaar, maa leen di soreleek yeen,

maa leen di dàq, jëme réew mu maral te wéet,
gàngoor ga jiitu jubal géeju penku,
ga féete gannaaw jubal géeju sowu,
ba seeni néew gilli, xasaw ba ubale,
ngir jëf ju réy ji ñu def!»

21 Yaw suuf, bul tiit, bégal te bànneexu,
nde Aji Sax ji moo def ay jaloore!
22 Yeen rabi àll yi, buleen tiit,
parluy àll yi day naat, garab yi meññ;
figg ak reseñ di baaxee seen xéewal.
23 Yeen doomi Siyoŋ, bégleen,
te bànneexu ci seen Yàlla Aji Sax ji.
Moo leen di may céebo, bu jotee;
moo leen di sottil taw yu njëkk,
ak taw yu mujj, na woon.
24 Dàgga yi day fees ak pepp,
mbànd yi rembat ak biiñ bu bees aku diw.

25 «Sama mbooloom xare mu réy
mi ma yebaloon fi seen biir,
te ñuy njéeréer yeek seen tostan,
ak salleer yeek soccet yi,
maa leen di delloo ati mbey yi ñu leen lekkal.
26 Dingeen lekk a lekk, ba regg,
di sàbbaal seen turu Yàlla Aji Sax
ji leen defal kéemaan,
te sama ñoñ dootuñu rus mukk.
27 Dingeen xam ne ci biir Israayil laa ne, man,
maay seen Yàlla Aji Sax ji, du keneen,
te sama ñoñ duñu rus mukk.

# 3

### *Ñépp la Aji Sax ji di sotti ag noowam*

1 «Gannaaw loolu maay tuur samag noo ci kaw ñépp,
seeni doom, góor ak jigéen di biral kàdduy waxyu,
seeni màggat di gént ay gént,
seeni xale yu góor di gis ay peeñu.
2 Kera jant yooyu, jaam yi sax, góor ak jigéen,
maa leen di tuur samag noo.
3 Maay def ay kiraama fi asamaan ak fi suuf;
deret ak sawara ak saxaar su jolli.
4 Jant beey soppaliku ag lëndëm,
weer wi doon deret,
bésub Aji Sax ji doora taxawe màggaay ak daraja!
5 Su boobaa képp ku woo Aji Sax ji wall ciw turam,
dinga raw.
Tundu Siyoŋ ak biir Yerusalem kay
fa la aw ndes di ame,
na ko Aji Sax ji waxe woon,
te ñi Aji Sax ji woo ñooy bokk ci ñi dese bakkan.

# 4

### *Aji Sax ji tiiñal na nooni ñoñam*

1 «Jant yooyu, ci boobu bés,
bu ma tijjee wërsëgu Yuda ak Yerusalem,
2 maay dajale mboolem xeet yi,
wàcce leen ca xur wa ñu dippee Aji Sax jeey àtte.
Fa laay layook ñoom ci mbirum sama ñoñ,
mbirum Israayil sama séddoo
bi ñu tasaare ci biir xeet yi,
ak sama mbirum suuf si ñu séddoo.
3 Sama ñoñ lañu tegoo bant,
xale bu góor, ñu weccikoo ab gànc;
xale bu jigéen, ñu jaaye biiñ, naan.
4 Yeen it waa Tir ak Sidon,
ak gox-goxaani Filisti yépp,
ana lu ngeen joteek man?
Xanaa dama leena def, lu ngeen di feyu?
Su ngeen dee feyu nag,
ma gaaw leena këpp seen añu jëf
ci seen kaw bopp.
5 Sama xaalis ak sama wurus, ngeen jël,
samay denc yu baax, ngeen yóbbu
ca seeni jaamookaay.
6 Waa Yuda ak waa Yerusalem,
yeena leen jaay xeetu Gereg yi,
ngir sorele leen seen suuf.
7 Maa ngii di leen yékkatee foofa,
fa béreb ba ngeen leen jaaye,
te yeen, maa leen di këpp seen peyu jëf ci bopp.
8 Seen doom yu góor ak yu jigéen
laay jaay waa Yuda,
ñu jaayaat leen waa Seba, doomi réew mu sore.»
Aji Sax jee ko wax!

### *Wooteb xare jib na*

9 Yégleleen lii ci biir xeet yi:
«Waajalleen xare,
yékkatileen ñeyi xare yi,

na xarekat yépp dikk, songi xare.
10 Seeni illéer ngeen di tëgg ay saamar,
tëgg seeni xepp ay xeej,
te na ku néew doole ne: “Jàmbaar laa!”
11 Dikkleen gaaw, yeen xeet yépp,
ba fépp daj,
ngeen bokk daje.
Aji Sax ji, foofa ngay yebal say jàmbaar.

12 «Na xeet yi jóg te songi xare ca xur,
wa ñu dippee Aji Sax jeey àtte,
foofa déy laay toog di àtte mboolem xeet yi,
ba fépp daj.
13 Dawalleen sàrt bi, nde ngóob mi ñor na,
dikkleen nal, nalukaayu reseñ bi fees na,
te mbànd yi rembat na, nde seen bàkkaar a réy.»

14 Ndaw gàngoori gàngoor ca xuru Àtte ba,
nde bésub Aji Sax jee dëgmal ca xuru Àtte ba!
15 Jant ak weer giim,
biddiiw yi fat seenug leer.
16 Aji Sax ji fa Siyoŋ lay ŋare,
foofu ca Yerusalem lay àddoo,
asamaan ak suuf rëng-rëngi.
Waaye Aji Sax jee dib rawtu, ñeel ñoñam,
moo dim tata, ñeel bànni Israayil.

17 «Su boobaa ngeen xam ne maay seen Yàlla Aji Sax
ji dëkke Siyoŋ, sama tund wu sell.
Yerusalem day daldi sell,
doxandéem dootu fa jaare.

### *Naataange ñeelati na Israayil*

18 «Bésub keroog tund yu mag yi
di rogalaat biiñ bu bees,
tund yu ndaw yi di xelli meew,
dexi Yuda yépp la am ndox di wale,
te kër Aji Sax ji, bëtu ndox a cay balle,
di suuxat xuru Akasya ya.
19 Misra ag ndànd-foyfoy lay doon,
réewum Edom di màndiŋ mu wéet,
ndax coxor ga ñu soxore waa Yuda,
nde ñoo tuur deretu jàmbur ñu deful dara ca seenum réew.
20 Yuda lees di dëkke ba fàww,
Yerusalem ñeel maasoo maas.
21 Seen bakkan bi ma teggilul woon àtteb yoon bi ko topp,
maa koy teggil àtteb yoon bi ko topp.»
Aji Sax ji Siyoŋ lay màkkaanoo.

# Téereb Yonent Yàlla
# Amos

Amos mi ñu jox téere bii aw turam, ag càmm ak liggéeyu toolu figg la féetewoo woon. Moonte moom la Yàlla woo, ngir yóbbante ko ay kàdduy waxyoom. Esayi ak Mise ak Ose bokk nañu ci ñi Amos bokkal jamono. Leneen lu mu bokk ak Ose moo di, li ëppoon ci xibaaram, ci réewum Israayil ma woon ca bëj-gànnaar la jëmoon, doonte mi ngi cosaanoo réewum Yuda ma féete bëj-saalum.

Ci tënk:

- 1.1—2.16 Mbugal ñeel na ay xeeti àddina.
- 3.1—6.14 Mbugal ñeel na Israayil.
- 7.1—9.10 Juróomi peeñu a ngi yégle ay mbugal.
- 9.11-15 Mbugal muy dëgmal weddiwul yaakaari ëllëg.

*Ubbite gi*

1 Kàdduy Amos a ngii, di boroom jur bu
dëkkoon Tekowa*. Mu am peeñu mu jëm ci
Israayil ci janti Osiyas† buurub Yuda ak
janti doomu Yowas, Yerbowam buurub
Israayil. Loolu tollu ci ñaari at lu jiitu
yëngu-yëngu suuf ba.
2 Mu ne:
Aji Sax jeey yëmmoo fa Siyoŋ‡,
Yerusalem lay àddoo,
parluy sàmm si ne faraas,
mbooyum kaw tundu Karmel lax.

## Aji Sax ji mbugal na xeet yi

*(Saar 1.3—2.16)*

3 Aji Sax ji da ne:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke waa Damaas§,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo bàcce waa Galàdd bàccukaayi weñ.
4 Maay yebal sawara seen waa kër Buur Asayel,
mu xoyom taaxi Buur Ben Addàd.
5 Maay dàjji bunti dëkkub Damaas,
dagg waa xuru Awen*,
boole ca boroom yetu nguur fa Bet Eden†.
Waa Siri dugg ngàllo, dellu Kir‡.»
Aji Sax jee ko wax.

6 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke waa Gasa§,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo jàpp ba noppi gàddaayloo mbooloom lëmm,
jalax leen ca Edomeen ña.
7 Maay yebal sawara ca tatay Gasa,
mu xoyom ay taaxam.
8 Maay dagg waa Asdodd
ak boroom yetu nguur fa Askalon,
fél Ekkron,
ndesu Filisteen ña sànku.»
Boroom bi Aji Sax jee ko wax.

9 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke waa Tir*,
te duma fomm seeni duma.
Am na mboolooy lëmm yu ñu gàddaayloo,
te ñoom waa Tir jaay leen Edomeen ña,
te sédduñu leen ci kóllëreg mbokk gi.
10 Damay yebal sawara ca tatay Tir,
mu xoyom ay tataam.»

11 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke waa Edom†,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo toppe seen bokki bànni Israayil saamar,
jalax yërmande,
mer mer mu dul meddi
ak xadar ju dul giif mukk.

---

* **1.1** ***Tekowa*** sorewul Yerusalem. Ba bànni Israayil xàjjalikoo nekk ñaari réew gannaaw ba Buur Suleymaan nelawee, Tirca njëkkoon naa nekk péeyub réewum Israayil, Samari tegu ca; Yerusalem di péeyub réewum Yuda. † **1.1** ***Osiyas*** mooy Asaryaa itam. ‡ **1.2** ***Siyoŋ*** mooy tund wa kër Yàlla ga nekk ca Yerusalem. Daan nañu ko tudde it dëkku Yerusalem. § **1.3** ***Damaas*** mooy péeyub réewum Siri. * **1.5** ***xuru Awen*** mooy tekki xuru Ñaawtéef. † **1.5** ***Bet Eden*** mooy kërug Àjjana, muy tekki fii Kërug Xawaare. ‡ **1.5** ***Kir*** la Arameen ñi cosaanoo. Gannaaw gi lañu sanci réewu Siri. Seetal ci 9.7. § **1.6** ***Gasa,*** benn la ci juróomi dëkki Filisti yu mag; yeneen yi di Asdodd ak Askalon ak Ekkron ak Gaat. Seetal ci 6.2. * **1.9** ***Tir*** dafa mel ni Sidon. Ay dëkk yu mag lañu woon ca réewum Fenisi. † **1.11** ***waa Edom*** ñaa nga bàyyikoo fa bëj-saalumu Yuda jàpp penku. Ñu ngi soqikoo ci Esawu, magu Yanqóoba, kon bokki Israayil lañu woon, waaye dañoo faroon ak nooni Israayil.

12 Maay yebal sawara fa Teman,
mu xoyomaale tatay Boccara‡.»

13 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke Amoneen§ ñi,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo butti ay jigéeni biir ca Galàdd,
ba ñuy xare ngir yokk seen suuf.
14 Maay jafal ca kaw tatay Raba*,
mu xoyom ay taaxam,
yuux ya jib bésub xare,
ci biir callweer bésub ngëlén.
15 Seen buur lañuy jàpp, mu gàddaay,
mooki kàngamam.»
Aji Sax jee ko wax.

# 2

1 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke waa Mowab,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo lakk yaxi buurub Edom, defub dóom.
2 Maay yebal sawara réewum Mowab,
mu xoyom tatay Keryot*.
Mowab deewe biir riirum xare,
yuux ak buftab xare jibandoo.
3 Maay dagge fa seen biir seen njiit,
booleeki kàngamam, bóom.»
Aji Sax jee ko wax.

4 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke Yudeen ñi,
te duma fomm seeni duma.
Ñoo gàntal sama yoon man, yoonu Aji Sax ji,
te sàmmuñu sama dogali yoon.
Seen tuuri caaxaan
ya seeni maam toppoon sànk na leen.
5 Maay yebal sawara ci kaw Yudeen ñi,
mu xoyom tatay Yerusalem.»

## *Israayil a gëna yelloo mbugal*

6 Aji Sax ji nee:
«Ñetti bàkkaar, su ma yeboo ne ñeent,
laay sikke Israayil,
te duma fomm seeni duma.
Ñooy jaay jaam aji jub ngir xaalis bu mu leen ameel,
jaay aji ndóol bu manul fey dàlli carax.
7 Ñooy dëggaate néew-ji-doole ci pëndub suuf,
di xañ way-ñàkk àqam.
Nit ak baayam di tëdde as ndaw,
di teddadil sama tur wu sell.
8 Yérey tayle yu ñu nangoo ci néew-ji-doole sax,
ñu lal, ne ñàyy ci wetu mboolem sarxalukaay.
Ku leen ameel, ñu feyloo la biiñ,
naan ca seen biir kër tuur ya.

9 «Ndaxam maa leen reyaloon Amoreen
ñu gudd ña te réy, mbete garab yu mag.
Ma boor doom ya,
buur reen ya.
10 Fekk yeen, ma génnee leen réewum Misra,
jaarale leen màndiŋ ma diiru ñeent fukki at,
ngir ngeen nanguji réewum Amoreen ñi.
11 Maa tabboon ci seen doom yu góor ay yonent,
tànne ci seen xale yu góor ay séddoo†,
—am déet, yeen bànni Israayil?»
Kàddug Aji Sax jee.
12 «Yeen nag ngeen di naanloo samay séddoo biiñ.
Yonent yi, ngeen ne leen: “Buleen jottali kàdduy waxyu!”

13 «Maa ngii di yëngal suuf si ngeen joggi,
ni watiir wu fees aki sabaar di yëngale suuf.
14 Rawtu dina réer ku gaaw,
boroom doole du tala jariñoo dooleem,
jàmbaar sax du mana rawale bakkanam.
15 Fittkat du taxaw,
mana daw du taxa raw.
Ab gawar it du rawale bakkanam.
16 Bésub keroog, jàmbaar ju ëppu fit,
duŋŋ lay def, di daw.»
Kàddug Aji Sax jee.

# Aji Sax ji dige na mbugal

‡ **1.12** ***Teman*** ak ***Boccara,*** ay goxi Edom yu mag la woon. Boccara moo doon péeyu Edom. § **1.13** ***Amoneen*** ñu ngi soqikoo ci Lóot. Réew mi ñuy wax Yordani tey, ci lañu dëkkoon. * **1.14** ***Raba,*** péeyu Amon la woon. * **2.2** ***Keryot,*** dëkku Mowab bu réy la woon. † **2.11** ***séddoo*** yooyu, nasireen lañu leen di woowe, te dañu tere woona naan biiñ. Seetal ci *Màndiŋ ma* saar 6.

# 3

*(Saar 3.1–6.14)*

1 Dégluleen kàddu gii Aji Sax ji wax ci
yeen, bànni Israayil, mu jëm ci seen
mboolem xeet wi mu génnee réewum
Misra. Mu ne:
2 «Yeen doŋŋ laa ràññee
ci mboolem askani suuf.
Moo tax ma di leen mbugal
ndax seen ñaawtéef gépp.»

3 Ndax ñaar dina ànd te digewuñub dajee?
4 Ndax gaynde dina ŋarem ngeer te fàddul?
Am gaynde gu mat dina xiiroom paxam te
jàppul?
5 Ndax picc dina keppu te fiireesu ko?
Am ag fiir dina fettax te jàppul?
6 Ndax bu buftab xare jibee, waa dëkk ba
du tiit?
Ndax aw ay dina dabub dëkk te du Aji Sax
jee?
7 Du lenn moos lu Boroom bi Aji Sax ji def,
te déeyu ko yonent yiy jaamam.
8 Bu gaynde yëmmoo, ana ku dul tiit?
Ana ku saña baña jottali kàdduy waxyu,
bu ko Boroom bi Aji Sax ji waxee?

9 Yéeneleen ca biir taaxi Asdodd
ak ca biir taaxi Misra.
Neleen: «Dajeleen ca kaw tundu Samari,
ba gis na Samari salfaañoo,
ak nootaange ga fa nit di daj.
10 Xamuñu sax def njub.»
Kàddug Aji Sax jee.
«Dañuy jal alalu fitnaak yàqute
ci seen biiri taax.»
11 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji ne:
«Ab noon dina gaw seenum réew,
néewal leen doole, lël seeni taax.»
12 Aji Sax ji nee:
«Wallub sàmm ak gàtt bu gaynde fàdd
weesul ñaari yeel, dogitu nopp.
Kuy wallu bànni Israayil ga ca Samari it,
xanaa dogu basaŋ, dammitu lal.
13 Dégluleen te artu waa kër Yanqóoba.»
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee,
Yàlla ji ci gàngoori xare yi.
14 «Bés bu may mbugale Israayil ay
bàkkaaram,
damay tasaale sarxalukaayi Betel.
Béjjén yi ci cati sarxalukaay ba dog, rot.
15 Maay màbbaale këru taax ak këru àll;
kër yu ñu rafetale bëñu ñey dina yàqu,
te kër yu bare dootul taxaw.»
Kàddug Aji Sax jee.

# 4

1 Dégluleen kàddu gii, yeen jigéeni tundu
Samari,
yeena ngi suur ni nagi diiwaanu Basan.
Yeen ñiy toroxal néew-ji-doole,
di noot aji ñàkk
te naan seeni jëkkër:
«Indil ñoll waay, ñu naan!»
2 Boroom bi Aji Sax ji giñ na ci sellaayam
ne: «Ay bés a ngii déy, di ñëw,
dees na leen kor, yóbbu,
ku nekk ci yeen koru niw jën,
3 ñu diri ko jaarale fu xar-xaru tata gëna
jegee,
sànni ko ca Armon*.»
Kàddug Aji Sax jee.

4 Aji Sax ji nee:
«Demleen Betel, bàkkaare fa,
dem Gilgal†, bàkkaareeti fa.
Rendileen seenub sarax ca ëllëg sa,
joxe seen saraxi fukkeeli alal ca gannaaw
ëllëg sa,
5 te ngeen lakk mburu, def ko saraxu cant.
Yégleleen seen saraxi yéene te siiwal ko,
ndax dégg ngeen?
Ndegam loolu ngeen namm, yeen bànni
Israayil.»
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee.
6 «Maa wéetal seeni biir seen dëkkoo dëkk,
dugub ñàkke fépp fu ngeen moom,
te taxul ngeen waññiku fi man.»
Kàddug Aji Sax jee.

7 Mu ne: «Maa leen xañub taw
bu leen may ngóob ci ñetti weer.
Ma taw ci bii dëkk,
tawuma ca bee.
Wii waar tawlu,
wee waar lax.
8 Ñaari dëkk ba ñett di deek mar, wuti
beneen,
naane fa, te duñu màndi.
Taxul ba tey ngeen waññiku fi man.»

* **4.3** Fi ñu ne ***ca Armon*** manees na ne *yooni tundu Ermon.* † **4.4** ***Betel*** ak ***Gilgal,*** ay bérebi jaamookaay lañu woon.

Kàddug Aji Sax jee.

9 «Maa leen dumaa gub yu yàqu, di saxee saxe,
wowal seeni tool aki tóokër,
garabu figg ak oliw, njéeréer yi lekk.
Taxul ba tey ngeen waññiku fi man.»
Kàddug Aji Sax jee.

10 «Maa leen yónnee mbas mu mel ni mu waa Misra.
Maa reylu seeni waxambaane ci xare,
jàpplu seeni fas,
gillil xetu néew ya ca seeni dal.
Taxul ba tey ngeen waññiku fi man.»
Kàddug Aji Sax jee.

11 «Maa jàllarbi lenn ci yeen,
na ma jàllarbee woon waa Sodom ak Gomor‡.
Ngeen rëcce ca ni gillit
gu ñu fëkke cib taal.
Taxul ba tey ngeen waññiku fi man.»
Kàddug Aji Sax jee!

12 «Moo tax ma di leen def lii, yeen bànni Israayil.
Gannaaw lii laa leen di def nag,
waajleena dajeek seen Yàlla, yeen bànni Israayil.»

13 Kii kat moo móol tund,
di sàkk ngelaw,
di xamal nit nammeelam.
Kee di soppi lëndëm ag leer,
di daagoo kawte ya.
Kookoo di Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.

# 5

## *Wutleen Aji Sax ji, te dund*

1 Amos ne: Yeen bànni Israayil, dégluleen
mii pent; maa ngi leen di jooy, yeen bànni
Israayil!
2 Fëlëñ!
Israayil janq ba dootul jógati.
Ma nga ñu wacc ca suufas réewam,
te amul ku ko yékkati.
3 Boroom bi Aji Sax ji déy dafa wax ne:
«Junniy xarekat ay génne fii,
téeméer délsi;
téeméeri xarekat génne fee,
fukk délsi,
ñeel waa kër Israayil.»
4 Aji Sax ji da ne waa kër Israayil:
«Wutleen ma, te dund.
5 Buleen wuti Betel,
buleen dem Gilgal*,
te buleen jàll Beerseba†.
Gilgal ay gàlloo ngàllo‡,
Betel neen.»
6 Wutleen Aji Sax ji, te dund.
Lu ko moy mu ne jippét ci kaw askanu Yuusufa,
lakk waa Betel lakk gu dul fey.
7 Wóoy yeen ñiy walbati àtteb yoon, mu mel ni xay,
tey jalax dëgg fi pëndub suuf!

8 Kee sàkk biddiiwi lolli ak biddiiwi cooroon,
mooy walbati lëndëm bët set,
def bëccëg di guddi.
Keey woo walum géej,
walal fi kaw suuf.
Kookoo di Aji Sax ji.
9 Moo naan musiba jàyy ci kaw boroom doole,
musiba wàccal am tata.

10 Yeena bañ kuy yedde ci pénc,
te sib boroom làmmiñ wu màndu.
11 Gannaaw yeenay noot néew-ji-doole,
di foqati ŋëbu peppam,
tabax ngeen këri boroom barke,
waaye dungeen ko dëkke.
Jëmbat ngeen tóokëri reseñ juy tem-temi,
waaye dungeen naan ca biiñ ba.
12 Ràññee naa seen bàkkaar yu bare
ak seen moy yu dul jeex.
Yeenay tooñ aji jub, di geru,
di xañ néew-ji-doole dëgg ci pénc.
13 Moo tax ku xelu ci jii jamono ne cell.
Céy jii jamono ju bon!

14 Sàkkuleen lu baax, bàyyi lu bon, ba dund,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi ànd ak yeen,
muy li ngeen wax.
15 Bañleen lu bon, bëgg lu baax,

‡ **4.11** Seetal ci *Njàlbéen ga* 19.1-29. * **5.5** ***Gilgal:*** fa la bànni Israayil dugge woon réewum Kanaan gannaaw ba ñu génnee ca njaamug réewum Misra. Seetal ci *Yosuwe* 4.20-22. † **5.5** ***Betel*** ak ***Gilgal*** ak ***Beerseba*** ay bérebi jaamookaay lañu woon. ‡ **5.5** ***ngàllo*** mooy këru jaam yi.

di doxal yoon ci pénc.
Jombul Aji Sax ji Boroom gàngoor yi
baaxe ndesu askanu Yuusufa.
16 Moo tax Boroom bi Aji Sax ji, Yàlla ji ci
gàngoori xare yi, dafa ne:
«Bayaaloo bayaal ubalee ki yuux,
mbeddoo mbedd riir aki wóoy!
Dees na woo beykat bi ciy jooy,
woo jooykati dëj ciy jooyoo.
17 Tóokëroo tóokër ay ubalee ki yuux.
Foofu fépp maa fay jaare.»
Aji Sax jee ko wax.

18 Wóoy kuy yàkkamti bésub Aji Sax ji!
Ana lu ngeen am ci bésub Aji Sax ji?
Dug leer, xanaa lëndëm.
19 Day mel ni kuy daw gaynde,
ne pemm cim segg, rëcc,
ñibbi, teg loxoom ca tabax ba,
jaan ne ko càppit.
20 Xanaa du lëndëm gu dara leerul la bésub
Aji Sax jiy doon,
ne këruus, dara lerxatu ca?

21 «Maa bañ, maa sib seeni màggal,
seen ndajey diine génnliku na ma.
22 Ngeen defal ma saraxu rendi-dóomal,
mbaa saraxi pepp it, duma ko nangu.
Seen saraxu jur guy cant ci biir jàmm,
faalewuma.
23 Xiddileen maak seen coowal jàng.
Seen powum xalam safu ma.
24 Na yoon wal mel nim ndox,
te dëgg mel ni wal mu sax.

25 «Yeen waa kër Israayil, saraxi gàtt ak
saraxi pepp,
ndax man ngeen ko daan indil
diiru ñeent fukki at ca màndiŋ ma?
26 Te ngeen di yékkati seen tuur yi ngeen
sàkk:
Sikkut, di seen buur, di seen tuur,
Kiyun di biddiiw bu ngeen di jaamu.
27 Maa leen di gàddaayloo ca wàllaa
Damaas.»
Aji Sax jee ko wax, kookooy Yàlla Boroom
gàngoori xare yi.

# 6

### *Boroom alal naagu na*

1 Wóoy ña ne finaax ca Siyoŋ,
wóoy ña naagu fa tundu Samari!
Ñooy kàngami xeet wi gëna màggéey,
niti Israayil di leen diis ay soxla!
2 Demleen ba Kalne, xool;
jóge fa jëm Amat dëkk bu mag ba*,
wàcci Gaat, dëkkub waa Filisti ya.
Ana fu ñu tanee yii réew?
ak fu ñu leen ëpplee suuf?
3 Wóoy yeen ñiy jéema fanq bésub njàqare
tey woo nguurug fitna!
4 Yeen ñi tëdd ci seen lal yu yànj,
aka sóonoo seen laltu yu nooy,
di yàpp mbote yu baax
ak sëllu yu duuf,
5 yeena ngi fowantoo xalam,
di fent woy yu ànd ak xalam ni
Daawudaay.
6 Yeena ngi jolu seen këlli biiñ,
di diwoo ngën-gi-diw,
sànkutey askanu Yuusufa soxalu leen.
7 Moo tax yeenay jiituji ci ñi ñu gàddaayloo,
tëraayu xawaare dakk.
8 Boroom bi, Aji Sax jee ko giñ ci
boppam, kàddug Aji Sax ji Yàllaa, Boroom
gàngoori xare yi. Nee:
«Maaka sib réy-réylug askanu Yanqóoba,
ba seen kër yu yànj soof ma!
Maay jébbale seen péey ak mboolem li ci
biir.»
9 Su boobaa, fukk ñu làqu ci kër, du leen
teree dee.
10 Ku warloo waajal mbokkam mu dee
dina dugg ca kër ga, ngir yóbbu néew ya, te
naan ka ca biir-a-biir: «Kenn desul foofu ci
yaw?» Mu ne ko: «Jeex na,» bëgg caa teg
baat, mu ne ko: «Déet! Noppil, bul tudd
turu Aji Sax ji.»
11 Aji Sax jee ngii déy, buy joxe ndigal rekk,
daldi tas kër gu mag,
rajaxe kër gu ndaw.
12 Moo! Ndax fas dina daw ciy doj?
Am dees na ràng aw nag, di gàbb doj?
Moona walbati ngeen àtteb yoon, def ko
tooke,
yoon mel ni xay.
13 Yeena ngi damu ca dëkk ba ñuy wax
Lodebar (muy firi Amul njariñ) te naan:
«Xanaa du sunu dooley bopp lanu nangul

---
* **6.2** ***Kalne*** ak ***Amat,*** ay dëkki Siri lañu woon.

sunu bopp dëkk bu am doole ba ñuy wax
Karnayim (muy firi Ñaari béjjén)†?»
14 Aji Sax ji, Yàlla, Boroom gàngoori xare
yi da ne:
«Yeen bànni Israayil,
maa ngii di yékkati weneen xeet fi seen
kaw,
ñu noot leen, dale ko fa kaw, fa Buntu
Amat ca bëj-gànnaar
ba ca xuru Araba, ca bëj-saalum.»

# Aji Sax ji misaal na mbugalu Israayil

## 7

*(Saar 7.1–9.10)*

*Peeñu mu njëkk mi*

1 Am na bés Boroom bi Aji Sax ji won ma
am peeñu. Ndeke ma ngay sàkk naaxu
soccet. Fekk na ñu góobal Buur, ba gàncax
giy saxaat.
2 Soccet yiy lekk gàncaxu réew mi, ba mu
bëgga jeex, ma ne: «Éy Boroom bi Aji Sax
ji, ngalla déet! Ndax askanu Yanqóoba
àttan na lii a déet? Lu néew doole lañu.»
3 Aji Sax ji fomm ko, ne ma: «Kon du
am.»

*Peeñum ñaareel bi*

4 Boroom bi Aji Sax ji dellu ma feeñu.
Ndeke Boroom bi Aji Sax ji day waaja
mbugale ñoñam sawara. Mu xoyom xóotey
géej mbàmbulaan, bay waaja xoyom réew
ma.
5 Ma ne: «Boroom bi Aji Sax ji, ngalla
taxawal. Ndax askanu Yanqóoba àttan na
lii am déet? Lu néew doole lañu.»
6 Boroom bi Aji Sax ji fomm ko ne ma:
«Lii itam du am.»

*Peeñum ñetteel bi*

7 Mu feeñooti ma, gisuma lu moy
Boroom bi taxaw ci ab tata bu ñu natte
buumu betteex ba ñu koy tabax. Ma nga
yor buumu betteex ca loxoom.
8 Aji Sax ji ne ma: «Amos, ana loo gis?»
Ma ne ko: «Xanaa buumu betteex.»
Boroom bi ne: «Maa ngii di natte buumu
betteex fi digg Israayil, sama ñoñ.
Dootuma leen baal dara.
9 Dees na tas bérebi jaamookaayu askanu
Isaaxa,
ba gental bérebi Israayil yu sell.
Maay jëlal askanu Buur Yerbowam
saamar.»

*Dàq nañu Amos*

10 Ba mu ko defee Amaciya sarxalkatu
Betel yónnee ca Yerbowam buurub
Israayil, ne ko: «Amos a ngi lay fexeel ci
digg Israayil. Réew mi du àttan waxam ji.
11 Mu ngi naan ci xare ngay deewe, te
dees na jële Israayil suufam moos,
gàddaayloo ko.»
12 Gannaaw loolu Amaciya ne Amos:
«Yaw boroom peeñu mi, dawal, làquji
réewum Yuda, nga jottali fa kàdduy waxyu,
am fa loo dunde.
13 Betel gii nag, bu fi jottaleeti kàdduy
waxyu, ndax fii jaamookaayu buur la, te it
jaamookaayu réew mi la.»
14 Ba loolu amee Amos ne Amaciya:
«Man de dumab yonent te bokkuma ci
kuréelu yonent. Sama gétt laa yor, te maa
ngi toppatoo ay tooli figg.
15 Aji Sax jee ma jële fa ma doon sàmme
samay gàtt. Moo ma ne: “Demal jottalil
ma kàdduy waxyu ci Israayil sama ñoñ.”
16 Léegi nag, déglul kàddug Aji Sax ji. Yaa
ma ne: “Bul jottalil kàdduy waxyu ci
Israayil te bul kebetu ci kaw askanu
Isaaxa.”
17 «Gannaaw noonu la, Amaciya, Aji Sax ji
nee:
“Sa jabar ci biir dëkk bi lay gànctoo,
say doom, góor ak jigéen, saamar tëral;
sam réew, ñu natte buum, séddoo.
Yaw nag, réewum yéefar ngay deeweji;
waa Israayil, ñu jële leen seen réew, ñu
gàddaay.”»

## 8

*Peeñum ñeenteel bi*

1 Gannaaw gi, Boroom bi Aji Sax ji
dellooti feeñu ma. Ma jekki gis dàmbu
meññeef.
2 Mu ne ma: «Amos, ana loo gis?» Ma ne
ko: «Xanaa dàmbu meññeef mu ñor.» Aji
Sax ji ne ma: «Mbugal ñoral na Israayil,
sama ñoñ. Dootuma leen baal dara.
3 Bésub keroog jàngi kër buur doon ay
jooy.»
Kàddug Boroom bi Aji Sax jee:
«Néew yi, xas,

---

† **6.13** ***Ñaari béjjén,*** kàttan lay misaal.

fu ne ñu jalax, lépp selaw!»

### *Bëgge indi na musiba*

4 Amos ne:
«Dégluleen lii, yeen jula yiy dëggaate aji ñàkk,
di jeexal néew-ji-dooley réew mi,
5 te naan: "Xanaa màggalu Terutel weer wi du jeex
ba nu jaay sunu pepp?
Waay, na bésub Noflaay jàll gaaw,
ba nu ubbi sàq yi,
tuutal nattu sol-sotti, diisal doomu nattukaay,
tey naxee sunuy màndaxekaayi njublaŋ,
6 ba jënd njaam ku tëlee fey boram
ak aji ñàkk ju tëlee fey dàlli carax;
ba cox sax, nu buub, jaay."»
7 Aji Sax ji giñ na ci turam wi askanu
Yanqóobay damoo, ne:
«Duma fàtte mukk lenn ci seeni jëf.
8 Moo tax réew mi nara yëngu moos,
muy tiisu ku ci dëkk;
suuf fuddoondoo, fees ni dexu Niil,
di jóg aka rës ni dexu Misra.
9 Ay bés a ngii déy, di ñëw,»
kàddug Boroom bi Aji Sax jee:
«maay sowal jant digg bëccëg,
lëndëmal suuf bëccëg ndarakàmm.
10 Maay soppali seeni màggal ab dëj,
seen woyoo woy diy jooy.
Maay wodde bépp lupp saaku yu ñuy ñaawloo,
bépp bopp, ma watub nel,
def ko mu mel ni dëju benn bàjjo bu góor,
muj ga di bés bu tar.

11 «Ay bés a ngii déy, di ñëw,»
kàddug Boroom bi Aji Sax jee:
«maay wàcce xiif ci réew mi.
Du doon xiifub dugub mbaa marum ndox,
kàddug Aji Sax ji lañuy xiif.
12 Dees na tambaambalu, géej ba géej,
bëj-gànnaar ba penku,
di wëraaluy sàkku kàddug Aji Sax ji,
te deesul dajeek moom.
13 Bésub keroog janq ju taaru jaak
xale yu góor ya deek mar.
14 Ñooñooy giñe tuuri Samari,
naa: "Giñ naa ko ca tuur may dund ca Dan*,
giñ ko ca yoonu Beerseba wa dul fey."
Dinañu daanu, dootuñu jóg.»

## 9

### *Peeñum juróomeel bi*

1 Ma gis nag Boroom bi, mu taxaw ca
sarxalukaay ba. Mu ne:
«Dóorleen ci kaw jëni kër Yàlla gi,
ba kenu yi yëngu,
te ngeen màbb ko ci kaw boppi ñépp;
ña mucc, ma reylu ci xare.
Du kuy fëx ba rëcc,
du kuy daw ba raw.
2 Bu ñu bëttoon, ba biir njaniiw it,
fa laa leen di yóotoo.
Ñu yéeg asamaan,
ma wàccee leen fa.
3 Bu ñu nëbbu woon kaw tundu Karmel it,
fa laa leen di fekk, yóbbu.
Ñu làqoo ma ca taatu géej,
ma sante fa jaani géej, mu màtt leen.
4 Su ñu demee, diy jaam ñu seeni noon jiital,
fa laay sante boroom saamar, mu bóom leen.
Du bëtu jàmm laa leen di xoole,
bët bu aay laa leen di xoole moos!»

5 Boroom bi, Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yi,
kiy laal suuf, mu ne soyox seey,
mboolem lu ci biiram di jooyoo;
suuf fuddoondoo ni dexu Niil,
dellu rës ni dexu Misra.
6 Kee tabax kaw asamaan néegi biiram,
samp xaddam, yiire suuf.
Keey woo walum géej,
walal fi kaw suuf.
Kookoo di Aji Sax ji.

### *Mbugal yell na*

7 «Bànni Israayiloo, xanaa du yeen ak waa Kuus laa yemale?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Xanaa du ni ma leen génnee réewum Misra
laa génnee Filisteen ñi réewum Keret*,
génnee ni waa Siri réewum Kir?

* **8.14** ***Dan*** la Buur Yerbowam yékkati woon tuur yu ñu jëmmale wëlluy wurus. Seetal ci *1.Buur ya* 12.29-30.
* **9.7** ***Keret*** ak Kaftor benn la.

8 Boroom bi, Aji Sax jaa ngi ne jàkk
réewum bàkkaarkat mii.
Maa koy far ci kaw suuf,
waaye ba tey duma far faraas waa kër
Yanqóoba.»
Kàddug Aji Sax jee.
9 «Maa ngii déy di sant xeetoo xeet,
ñu gësëm waa kër Israayil,
ni ñuy gësëme tameb suuf,
te doj du rot.
10 Saamar ay rey mboolem sama
bàkkaarkati mbooloo
mi naan: "Yàlla du wacc musiba di nu jege,
ba di nu dab."

## Waa kër Buur Daawuda faluwaat nañu

*(Saar 9.11-15)*

11 «Bésub keroog maay yékkati mbaarum
Daawuda mi daanu,
ba fattaat xar-xar yi,
defaraat gent bi,
tabaxaat ko na woon.
12 Su boobaa bànni Israayil nangu ndesu
Edom,
ak mboolem suufi xeet yi ñu ma tudde
woon.»
Kàddug Aji Sax jee, te moom lay def.
13 «Ay bés a ngii déy, di ñëw,»
kàddug Aji Sax jee,
«kuy gàbb dina dab kuy góob,
kuy nal reseñ dab ka koy ji.
Biiñ bu bees di rogalaate ca tund yu mag
ya,
di wale tundoo tund wu ndaw.
14 Maay tijji wërsëgu Israayil, sama ñoñ;
ñu tabaxaat seeni gent, dëkke;
jëmbat seen tóokëri reseñ,
naan seen biiñ,
bey ay tool,
lekk ca meññeef ma.
15 Maa leen di jëmbat fi seen suuf,
te deesatu leen déjjatee fi seen suuf si ma
leen jox.»
Seen Yàlla, Aji Sax jee ko wax.

# Téereb Yonent Yàlla
# Abdiyas

Yonent Yàlla Abdiyas moo bind téere bu ndaw bii, di ci yégle mbugal muy dikkal askanu Edomeen ñi. Li ko waral mooy nii ñu defoon ak waa Yerusalem. Gannaaw ba Babilon daaneelee Yerusalem ci atum 586 lu jiitu Almasi bi, Edomeen ña dañu leena wor, te waroon leena wallusi, ndax Edomeen ñi, ci Esawu seexu Yanqóoba lañu askanoo. Kon ci wàllu geño, ay bokki lenqey waa Yerusalem lañu. Askanu Edom mujj na misaal taxawaayu xeet yi noonoo Israayil.

Ci tënk:

1.1-9 Tuddees na tasteg Edom.
1.10-14 Lu jëm ci coxorteg Edom.
1.15-21 Lu jëm ci bésub Aji Sax ji ak ndekkitel Israayil.

*Ubbite gi*

1 Peeñum Abdiyas a ngii. Boroom bi Aji
Sax ji moo wax lii ñeel askanu Edom*.

*Lu jëm ci mbugalum Edomeen ñi*

Ab dégtal lanu dégg, mu bawoo fa Aji Sax ji,
ndaw lañu yebal ci biir xeet yi,
mu ne: «Jógleen, nu jóg song Edom xare.»
2 Aji Sax jee ne waa Edom:
«Tuutal leen laay def ci biir xeet yi
yeen, ñu xeeblu lool ngeen di doon.
3 Seen reewande sànk na leen,
yeen ñi dëkke xar-xari doj,
te seen dëkkuwaay sore kaw,
ba tax ngeen naan ci seenum xel:
“Ana ku ñu mana daane fi suuf?”
4 Su ngeen kaweeloon nig jaxaay,
ba seenum tàgg làqe ci biiri biddiiw it,
fa laa leen di wàccee.»
Kàddug Aji Sax jee.
5 «Su leen ay sàcc dikkalee, mbaa sëxëtookati guddi,
yeenakay yàqule!
Waaye xanaa du la leen doy lañuy sàcc?
Su leen wittkati reseñ dikkalee,
xanaa dinañu ca wacc ay doom?
6 Waaye céy ni ñuy sëxëtoojee askanu Esawu!
Céy ni ñu nara jeexaatoo seeni denc!
7 Mboolem ñi ngeen fasool kóllëre
ñoo leen di waññi ba ca seen kemu réew,
seeni am-di-jàmm ñoo leen di nax ba man leen,
ñiy lekk seenu ñam tegal leen ag fiir ci seeni tànk,
ndax Edom moo amul ag dégg.

8 «Xanaa du bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
«fi Edom laay tukkale boroomi xel,
tundu Esawu woowu laay jële luy taxa dégg.
9 Yeen waa Teman†, seeni jàmbaar ay jàq,
ba mboolem waa tundu Esawu faatu.

*Lii moo waral mbugal mi*

10 «Soxore gi ngeen soxore seen mbokk Yanqóoba
moo leen tax di sangoo gàcce,
te dees na leen dagg sànni ba fàww.
11 Bésub keroog ba ngeen taxawee,
janook seen mbokk,
bésub keroog ba jàmbur
ñay yóbbu seen alali bokk,
ay doxandéem song bunti dëkkam,
bay tegoo bant teraangay Yerusalem,
yeen itam, ni noon yooyu ngeen def.
12 Waruleen woona seetaan ci seen bésub mbokk,
bésub njekkaram,
Waruleen woona bége deminu Yudeen ñi
ci seen bésub sànkute,
mbaa ngeen di réy làmmiñ,
ci bésub njàqare.
13 Waruleen woona dugg sama dëkku ñoñ,
ci seen bésub tiis.
Waruleen woona bokk ci ñiy seetaan seenu ay
ci seen bésub tiis.
Waruleen woona teg loxo seeni teraanga,
ci seen bésub tiis.
14 Waruleen woona taxaw fa selebe yoon ya,
di dogale ña rëcce ca ñoom,
waruleen woona delloo ña dese bakkan
ca loxol noon ya, ci bésub njàqare.

---

* **1.1** ***Edom*** mooy xeet wi soqikoo ci Esawu seexu Yanqóoba mi meññ Israayil. † **1.9** ***Teman,*** sëtub Esawu, lañu dippee dëkkub Edomeen ba woon ca bëj-gànnaaru réew ma, te moo taxawe fii réewum Edom gépp.

### *Bésub Aji Sax ji xeet yépp la ñeel*

15 «Bésub Aji Sax ji déy, dëgmal na,
ñeel xeetoo xeet.
Li ngeen def rekk lees leen di def,
seenug pey këppu ci seen kaw bopp.
16 Yeen waa kër Yanqóoba,
ni ngeen naane sama kaasu mbugal ca
sama kaw tund wu sell,
ni la xeet yépp di naane ba fàww,
di naan aka jolu ba mel ni masuñoo nekk.
17 Waaye kaw tundu Siyoŋ la aw ndes di
rawe,
te dina doon béreb bu sell,
waa kër Yanqóoba it moomaat seeni
moomeel.
18 Kër Yanqóoba sawara lay doon,
kër Yuusufa dib tàkk-tàkk,
kër Esawu di boob
bu ñuy lakk, xoyom ko,
ba kenn du dese bakkan ci kër Esawu.»
Aji Sax jee ko wax.

19 Waa bëj-saalumu Yuda ñooy moom tundu
Esawu,
waa suufu tund ya moom waa Filisti,
ñooy moom itam réewum Efrayim ak
réewum Samari,
giirug Beñamin moom diiwaanu Galàdd.
20 Waa Israayil ñi ñu gàddaayloo woon,
gàngoor googu ñooy moom
réewum Kanaaneen ña, ba ca Sarebta,
te waa Yerusalem ca Sefarat, ñi ñu
gàddaayloo woon,
ñooy moom dëkki Negew ca bëj-saalum.
21 Ay xettalikat ñooy yéeg kaw tundu Siyoŋ,
ngir yilif tundu Esawu,
nguur gi di moomeelu Aji Sax ji.

# Téereb Yonent Yàlla
# Yunus

Yonent Yàlla Yunus waa réewum Israayil la woon, te fa la nekkoon ba muy jot ndigalal Yàlla, la ko yebal ca waa dëkk ba ñuy wax Niniw, te féeteek réewum Iraag ci jamonoy tey. Niniw nag bokkul woon ci Israayil. Péeyu Asiri la woon. Waa Asiri askan wu néeg lañu woon, bokkoon ci nooni Israayil yi gënoona aay ci ñoom. Beneen dëkk bi ñuy wax ci téere bii mooy Tarsis. Ci waxinu jant yooyu, Tarsis a nga woon ca catu àddina, soreyaatoo lool ak Israayil ak Niniw.

Ci tënk:
- Saar 1 Yunus gàntal na Yàlla ba daw.
- Saar 2 Yunus ñaan na ci biir njàqareem.
- Saar 3 Yunus jëfe na ndigal la jibaat ñeel ko.
- Saar 4 Yunus déggoowul ak Yàlla ci ni mu gise.

### *Yunus jot na ndigal lu ko diis*

1 Am na bés kàddug Aji Sax ji dikkal
Yunus mi Amitay di baayam. Mu ne ko:
2 «Jógal dem Niniw, dëkk bu mag ba, nga
rëbb leen, ndax seen mbon agsi na ba fi
man.»
3 Yunus nag jóg jëm Tarsis, ngir daw Aji
Sax ji. Mu àgg fu ñuy wax Yafa, fekk fa gaal
gu mag gu jëm Tarsis. Mu fey njëg ga,
dugg, ànd ak ña ca nekk, jëm Tarsis, ngir
daw Aji Sax ji.
4 Aji Sax ji itam sànni ngelaw lu réy ca
géej ga, muy ngëlén lu réy ca géej ga, ba
gaal ga nara tas.
5 Ba loolu amee mool ya tiit di yuuxoo,
ku nekk di woo sa yàlla wall. Ñu sànni biir
géej la ñu yeboon ca gaal ga ngir gëna
woyof. Fekk na Yunus wàcc ca suufu gaal
ga, tëdd di nelaw ba yàndoor.
6 Ci kaw loolu njiitu mool ya dikk ba ca
moom, ne ko: «Yaw, ana looy nelaw? Jógal
kay woo sa yàlla wall! Jombul mu geesu
nu, ba dunu sànku.»
7 Ci biir loolu ku nekk naan sa moroom:
«Ayca nu tegoo bant, ba xam musiba mii
nu dal, ku nu ko yóbbe.» Ñu tegoo bant, mu
dal ca kaw Yunus.
8 Ñu ne ko: «Dinga nu wax nag ku nu
yóbbe mii musiba! Ana luy sa liggéey, ak
foo bàyyikook fuy sam réew, ak xeet woo
bokk sax yaw?»
9 Mu ne leen: «Ab Ebrë laa. Aji Sax jiy
Yàllay asamaan laay jaamu, moom mi sàkk
géej ak jéeri.»
10 Ci kaw loolu nit ña tiit tiitaange ju réy,
ne ko: «Yaw, li nga def lu mu doon?» Fekk
na Yunus xamal leen ne Aji Sax ji lay daw.
11 Géej ga nag di gëna sàmbaraax. Ñu ne
ko: «Nu nu lay def nag, ba géej gi dalal nu?»
12 Yunus ne leen: «Fableen ma, sànni ci
biir géej gi. Kon géej gi dal. Ndax xam naa
xéll ne ngëlén lu réy lii, maa leen ko
yóbbe.»
13 Terewul nit ña joow, joow rekk, wuti
tefes, mu të ndax géej ga gëna sàmbaraax ca
seen kaw.
14 Ba loolu amee ñu ñaan Aji Sax ji, ne ko:
«Céy Aji Sax ji, ngalla bu nu bàyyi nu sànku
ndax bakkanu nit kii, te bu nu gàdduloo
bakkanu jàmbur, ndax yaw Aji Sax ji, sa
coobare nga def.»
15 Ñu daldi fab Yunus, sànni ca biir géej
ga, géej ga giif, ne tekk.
16 Nit ña nag am tiitaange ju gënatee réy
ci Aji Sax ji, daldi rendil Aji Sax ji sarax, ba
noppi xasal ko aw xas.

## 2

### *Yunus a ngi tinu*

1 Ci kaw loolu Aji Sax ji yebal jën wu
mag, mu wann Yunus. Mu nekk ca biiru
jën wa ñetti bëccëg ak ñetti guddi.
2 Yunus ñaan ci Yàllaam Aji Sax ji, fa mu
tollu ca biir jën wa.
3 Mu ne:
Maa jàq, woo Aji Sax ji, mu wuyu ma.
Ca xóotey njaniiw laa wootee wall, nga
dégg ma.
4 Yaa ma xalab xóotey xolu géej, ndaw ma
mëdd ma.
Say wal ak say gannax, lépp a jaare sama
kaw.
5 Man nag ma naan: «Dàqees na ma, ba ma
sore la,
waaye maay dellu gis sa kër gu sell ga!»
6 Ndox maa ma tanc ba ci put,
xóotey géej mëdd ma,

waag ba laxasu sama bopp.
7 Ca reeni tund ya laa suuxi,
caabiy suuf féete ma gannaaw ba fàww,
waaye ca kan ma nga jukkee sama
bakkan,
yaw, sama Yàlla Aji Sax ji.
8 Noowal bakkan a nga may rëcc,
sama xel ne yarr ci yaw, Aji Sax ji,
sama ñaan àgg fa yaw,
ca sa kër gu sell ga.
9 Ñiy wormaal neenug neen daal,
ñoo dëddu seen yiw fa Yàlla.
10 Man nag, ci biir cant laa lay sarxale.
Li ma xas laay sottal.
Wall, fa Aji Sax ji!
11 Ci kaw loolu Aji Sax ji wax ak jën wa,
mu goqi Yunus ca tefes ga.

# 3

*Yunus fomm na*

1 Ba loolu wéyee kàddug Aji Sax ji dikkal
Yunus ñaareel bi yoon. Mu ne ko:
2 «Jógal dem Niniw, dëkk bu mag ba, nga
yegge leen kàddu gi ma lay dénk.»
3 Yunus jóg dem ba Niniw, muy la ko Aji
Sax ji wax. Niniw nag def dëkk bu réya réy,
ba doxub ñetti fan a koy wër.
4 Ba mu ko defee Yunus tàmbalee wër bés
bu njëkk ba, di yéene naan: «Ñeent fukki
fan gannaaw tey Niniw dina tas.»
5 Waa Niniw nag gëm Yàlla, daldi yéene
koor. Ci biir loolu ku nekk sol ay saaku, di
ko ñaawloo, dale ko ca ka gën di mag, ba ca
ka gën di ndaw.
6 Mbir ma àgg ca buurub Niniw. Mu ne
ñokket, jóge ca ngànguneem, ne futeet
mbubbam buuram, sàngoo saaku, daldi
toog ci dóomu-taal, di ko toroxloo.
7 Ci kaw loolu mu yéenelu dogal bii ca
Niniw, ne: «Ci ndigalal Buur aki
kàngamam; muy nit aku jur gu gudd ak gu
gàtt, bu ci dara dugg ci seen gémmiñ. Buñu
lekk, te ndox, buñu ko naan.
8 Na nit ak jur sàngoo saaku te ñu woo
Yàlla wall lu ñu man. Na ku nekk dëddu
jëfinam ju bon ak jëfi coxoram.
9 Jombul Yàlla dëpp ba fomm, daldi
dëddu tàngooru meram, ba dunu sànku.»
10 Yàlla nag gis seeni jëf, gis na ñu dëddoo
seen jëfin ju bon. Yàlla daldi fomm mbugal
ma mu leen naraloon, ba mujju koo def.

# 4

*Aji Sax ji yedd na Yunus*

1 Ba loolu amee Yunus mer mer mu réy,
ba xol bay bax.
2 Mu ñaan Aji Sax ji, ne ko: «Céy Aji Sax ji,
xanaa du lii laa waxoon ba ma génnagul
sama réew? Moo taxoon ma njëkka daw,
jëm Tarsis! Ndax xamoon naa ne yaw Yàlla
yaay boroom yiw ak yërmande, sa mer a
diib, sa ngor bare, ngay fomm mbugal.
3 Léegi nag Aji Sax ji, rikk jëlal sama
bakkan rekk, ndax dee sax a ma gënal
dund!»
4 Aji Sax ji ne ko: «Waaw, mbaa yaa yey
am xol bu tàng ci loolu?»
5 Yunus daldi génn dëkk ba, dem toogi fa
féete dëkk ba penku, mbaaral fa boppam,
toog ca keppaar ga, di seet nu dëkk bay
mujje.
6 Ba mu ko defee Aji Sax ji Yàlla yebal ag
lawtan, mu law, tiim Yunus, keral
boppam ngir xettali ko. Yunus bég mbégte
mu réy ca lawtan ga.
7 Ca ëllëg sa, ba jant bay fenk, Yàlla yebal
aw sax, mu song lawtan ga, mu wow.
8 Naka la jant ba fenk, Yàlla yebal
ngelawal penku lu tàng jérr, jant ba jam
boppu Yunus, ba mu xawa xëm, bëggatul
dara ci bakkanam. Mu naan: «Dee sax a
ma gënal dund!»
9 Ci kaw loolu Yàlla ne Yunus: «Waaw,
mbaa yaa yey am xol bu tàng ci lawtan
gi?» Mu ne: «Maa yey am xol bu tàng ba
dee sax!»
10 Aji Sax ji ne ko: «Waaw yaw, yaa ngi
xalaat lawtan gii nga sonnul, lawaloo ko;
guddi la sax, guddi ga ca topp mu dee.
11 Man nag, Niniw, dëkk bu mag bii ëmb
lu ëpp fuuf téeméeri junniy nit ak ñaar fukk
(120 000), ñu ràññeewul seen ndijoor ak
seen càmmoñ, ak mala yu bare, duma leen
xalaat?»

# Téereb Yonent Yàlla
# Mise

Mise, réewum Yuda la cosaanoo, Esayi la bokkal jamono. Mise artu na ñi ko déglu ne seenum réew, rawatina Yerusalem seen péey, dina bokk demin ak Samari, péeyub réewum Israayil ma réewum Asiri duma woon ci atum 722 lu jiitu Almasi bi. Teewul Mise biral na ne bu dumay Yàlla xasee dikk ba noppi, moom Yàlla mooy delloosi ñoñam ci boppam, jéggal leen seeni bàkkaar.

Ci tënk:

1.1—2.13 Yàlla mooy mbugal ñoñam.
3.1-12 Yàlla mooy mbugal njiit yi ak yonenti caaxaan yi.
4.1—5.15 Lu jëm ci kilifa giy ñëw ak barkey ëllëg.
6.1—7.20 Mbugalum Yàlla ñeel na Israayil.

*Ubbite gi*

1 Kàddug Aji Sax jii moo dikkaloon Mise miy waa Moreset, ca janti Yotam ak Axas ak Esekiyas, buuri réewum Yuda, na seen nguur topplantee. Lii la Mise gis ci mbirum Samari ak Yerusalem*.

*Aji Sax ji yékkati na kàddug tuuma*

2 Dégluleen, yeen, xeetoo xeet,
teewlul, yaw àddina ak li ci sa biir,
ba Boroom bi Aji Sax ji seedeel leen tuuma,
Boroom beey àddoo fa màkkaanam mu sell ma.
3 Aji Sax jaa ngii di génne ca bérebam ba,
mooy wàccsi, daagoo kawtey suuf.
4 Tund ya mu joggi da naan soyox seey,
xur ya xar, wàyyi ni dax ju jege sawara,
def ni ndox mu wale kaw mbartal.
5 Bàkkaaru Yanqóobaa waral lii lépp,
moyi Israayil googu la.
Ana luy bàkkaaru Yanqóoba?
Da dul Samari?
Ana fuy bérebi jaamookaayi xërëm ci Yuda?
Da dul Yerusalem?
6 «Maay saam Samari, def ko jalu tojit
ci mbooy gi,» la Aji Sax ji wax.
«Maa koy def jëmbatukaayub reseñ,
maay yuri ay doji tabaxam ca xur wa,
ñori suuf sa mu sampe.
7 Seen jëmmi tuur yépp ay rajaxoo,
te mboolem seen peyoor yu sobewu
day lakk ba jeex.
Maay tas tasar mboolem seen jëmmi xërëm†,
seen peyi gànc a leen ko may,
kon na ko seen moroomi gànc feyeekoo.»

*Ñaawlu dikkal na Yuda*

8 Lee ma tax di jooy aka yuuxu,
ne duŋŋ, deme tànki neen, di ko ñaawloo.
Naa yuuxu nig till,
naa sab sabum looy ndaxu naqar.
9 Góom bi Aji Sax ji teg Samari kat amul paj,
te moo law ba Yuda,
àkki ba buntu Yerusalem, ca saay bokk.
10 Buleen ko nettali fa Gaat‡,
buleen jooy benn yoon.
Xalanguleen fa pëndub suuf sa ca Bet Leyafra§,
di ko ñaawloo.
11 Yeen waa Safiir*, wéyleen,
ak gàcce ak yaramu neen.
Waa Caanan† sañuñoo génn,
te wall du bawoo fa waa Bet Eccel‡,
ñay jooy seeni néew.
12 Waa Marot a mar jàmm,
te aw ay a wàcce fa Aji Sax ji,
ba agsi buntu Yerusalem§.

* **1.1** Gannaaw ba réewum Yawut xàjjalikoo, Samari moo doon péeyub Israayil ca bëj-gànnaar, Yerusalem di péeyub Yuda ca bëj-saalum. † **1.7** ***jëmmi xërëm*** yooyu, su tojee it di gànjar gu ñu mana wecci xaalis. ‡ **1.10** ***Gaat,*** dëkku Filisti la woon. Yeneen juróom ñeenti dëkk yi ci topp ñoo séqoon Moreset Gaat, dëkku cosaanu Mise. Ni baatub Gaat di jibe ci ebrë dafa neexoo ak baat biy tekki «nettali». § **1.10** ***Bet Leyafra*** kërug pëndub suuf lay tekki, te dafay neexoo ak baatu ebrë bu mana tekki «pëndub suuf». * **1.11** Turu dëkk bii, ***Safiir,*** man naa tekki «taaru», taar bi nag woroo ak gàcce gi ñu wax ci aaya bi. † **1.11** ***Caanan*** day neexoo ak baatu ebrë buy tekki «génn». ‡ **1.11** ***Eccel*** day niroo ak baatu ebrë biy tekki «gàntal», wax ji di wund ne «wall gàntal na». § **1.12** Turu ***Yerusalem*** wi indi na baatu ebrë buy tekki «jàmm», mu woroo ak ay wi ñu ne mooy agsi Yerusalem, woroo itam ak ***Marot,*** baatu ebrë bi jegewoo ak «wextan». * **1.13** Turu dëkk bi, ***Lakis*** lañu nirule ak baatu ebrë buy tekki «fasi dawkat».

13 Yeen waa Lakis*, takkleen fasi dawkat ak watiir.
Yeena njëkka moyloo janq Siyoŋ mu taaru,
ci yeen lañu njëkka gise bàkkaari Israayil.
14 Yeen waa Yuda, mayleen waa Moreset Gaat†
lu ngeen tàggatook ñoom,
këri Agsib‡ wori neen lay doon ci buuri Israayil.
15 Yeen waa Maresa§ laay indil ku leen moom,
te ca Adulam* la ñi Israayil di damoo di làquji.
16 Watuleen nel, ñaawloo ko
doom yi leen doon bànneexal.
Neluleen nel yu set nim tan, naqarloo,
nde dañu leen di gàddaayloo, teqalikook yeen.

# 2

## *Mbugal dal na aakimookat yi*

1 Wóoy, ngalla ñiy mébét ñaawtéef,
di ràbb lu bon ci seenub tëraay,
bët set, ñu jëfe ko,
ndax xam ne man nañu ko.
2 Ñooy xemmemi tool, foqati;
ay kër, ñu nangu,
tey noot waay ak waa këram,
ak nit ci céru suufam.
3 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne:
«Maa ngii di nasal googu làng aw ay,
ay wu ngeen dul teggee ci seenu loos,
te dungeen daagu, siggi,
nde jant yu metti lay doon.
4 Bésub keroog lees leen di fental aw léeb,
woyal leen woy wu tiis,
te naa: “Sotti na, yàqu nanu yaxeet!
Sama suufu askan dugg na ciy loxo,
ba sore ma,
ab fippukat lañu jox sunuy tool!”»
5 Moo tax bu mbooloom Aji Sax ji waree jotaat ci seen suuf,
kenn ci yeen du am cér, ba ñu di ko tàllalal buumu nattukaay.

## *Yonenti caaxaan yaa ngi diiŋat*

6 Seen yonent yeey waare naa:
«Buleen waare!
Nii kat deesu ko waaree,
gàcce du nu dab!»
7 Waa kër Yanqóoba, ndax dees na waxe nii:
«Mbaa du Aji Sax ji day xàddee?
Mbaa jooju jëf du jikkoom?»

«Waaye man sama kàddu, jàmm la ci kuy def njub.
8 Yeen sama ñoñ, démb rekk ngeen jóg nib noon;
yeena ngi nangoo ci nit mbubbum xewam,
fekk muy romb, bëggul xare, foogul dara.
9 Jigéen ñi ci sama ñoñ ngeen dàqe
seen këri mbégte,
te seeni doom, yeena leen xañ
sama barke ba fàww.
10 Jógleen dem, fii du bérebu noflaay,
nde sobewu na, ba nara yàqe yaxeet.
11 Nit man naa wër, toppi caaxaan aki fen,
naan: “Maa lay waare ay kàddu yu jëm ci biiñ aku ñoll,”
te kookooy yékkati kàdduy waaraate yi askan wii yelloo!

## *Aji Sax jeey dajale ndesu ñoñam*

12 «Yeen askanu Yanqóoba, maa leen di dajalee
dajale yeen ñépp,
maay boolee boole ndesu Israayil.
Benn bopp laa leen di def, niy xar ca gétt ga,
niy gàtt ci seenum parlu,
coowal nit ña jolli.
13 Kiy bëtt mooy dox, jiitu leen,
ñi bëtt, jàll bunt bi, dem.
Seen buur mooy jàll jiitu leen,
Aji Sax jeey dox fa seen kanam.»

# 3

## *Aji Sax ji tiiñal na njiiti Israayil*

1 Dama ne:
«Ngalla dégluleen yeen njiiti Yanqóoba,
yeen kilifay kër Israayil!
Xanaa du yeena wara xam yoon?
2 Te yeenay bañ-kati lu baax,
di bëggkati lu bon.
Yeenay fees sama ñoñ te ñuy dund,

† **1.14** Turu dëkk bii, ***Moreset,*** baat bi mu jegewool ci ebrë man na tekki «ab séet». Aaya 10 moo wax ci «Gaat». ‡ **1.14** ***Agsib*** day neexoo ak baatu ebrë buy tekki «wor». § **1.15** ***Maresa*** day neexoo ak baatu ebrë buy tekki «nangukatub réew». * **1.15** ***Adulam*** mooy xunt ma Daawuda làqu woon, ba muy daw buur Sawul.

yeenay rocci suux wi sàng seeni yax.
3 Yeenay yàpp samay bokk,
fulli seen der,
damm seeni yax, dogat,
def ko ni toggug kawdir,
mel ni ndawal ci cin.»
4 Lee tax noggatukat yii di woo Aji Sax ji wall,
te du leen wuyu,
kanamam la leen di làq, bésub keroog,
ndax ñoo bonal seeni jëf.

*Aji Sax ji artu na yonent yu bëgge yi*

5 Lii la Aji Sax ji wax ci yonent yiy lajjal samay bokk:
«Bu ñu sàqamee ab lanc, yéene jàmm;
ku leen leelul, ñu waajal xare.
6 Moo tax yeen, guddi moo leen di ñeel, ba peeñu réer,
lëndëm a leen di dikkal, ba am ngis tukkil leen,
jant mooy sowal yonent yi,
bëccëg lëndëmal leen.
7 Seetkat yi dañuy rus,
boroom peeñu yi torox,
ñoom ñépp jàpp seen gémmiñ;
ndax Yàllaa leen dul faale.»

8 Teewul man, may fees ak doole,
fees ak noowug Aji Sax ji,
ak dëgg ak njàmbaarte,
ngir biralal askanu Yanqóoba bàkkaaram,
ngir tuddal bànni Israayil googu moyam.

*Aji Sax ji tiiñalaat na njiiti Israayil*

9 Ngalla dégluleen lii, yeen njiiti kër Yanqóoba;
yeen kilifay kër Israayil.
Yeen ñi seexlu dëgg,
lunkal wépp yoonu njub.
10 Deret ngeen tabaxe Siyoŋ,
njubadi ngeen tabaxe Yerusalem googu.
11 Seeni njiit, alalu ger lañuy àttee,
seeni sarxalkat di feyeeku am njàngale,
seeni yonent di weccikoo xaalis seenum ngisaane,
te Aji Sax ji lañuy dëgërloo, naan:
«Xanaa du Aji Sax jaa ngi ci sunu biir?
Musiba du nu dab!»
12 Kon nag yeena tax dees na gàbb Siyoŋ nib tool,
Yerusalem googu diy tojit, jale,
tundu kërug Yàlla gaay doon gajj bu kawe.

# 4

*Aji Sax ji, ca tundam lay saytoo xeet yi*

1 Fan yu mujj ya, dees na taxawal
tundu kër Aji Sax ji,
mooy gëna kawe ci tund yi,
tiim tund yu ndaw yi,
askan yi riirandoo, wutsi ko.
2 Xeet yu bareey dikk, naan:
«Dikkleen nu yéegi tundu Aji Sax ji,
fa kër Yàllay Yanqóoba,
mu xamal nuy yoonam,
ba nu doxe yooyu ñallam.»
Siyoŋ kat la ndigalu yoon di bawoo,
Yerusalem googu la kàddug Aji Sax ji di jóge.
3 Mooy àtte diggante askan yu bare,
mooy dogalal xeet yu am doole te sore,
ñu tëgg seeni saamar ay illéer,
def seeni xeej ay sàrt.
Aw xeet dootul xàcc saamar jëme ci moroom ma,
te dootuñu leen tàggat cib xare.
4 Ñoom ñépp ay toog, ku nekk ci kerug reseñam,
mbaa keppaarug garabu figgam,
kenn du leen xoqtal.
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.

5 Askan wu nekk ci yaakaaru turu yàllaam lay doxe.
Nun nag ci yaakaaru sunu turu Yàlla Aji Sax ji lanuy doxe,
tey ak ëllëg, ba fàww.

6 «Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
«naa jëli kuy soox,
booleek ku ñu toxaloon,
te ma mbugaloon leen.
7 Maay def liy soox aw ndes,
la ñu dàq fu sore, ma def ko askan wu am doole,
te Aji Sax jeey doon seen buur ca kaw tundu Siyoŋ,
li ko dale tey ba fàww.

* **4.8** ***Ofel,*** aw tund la woon ca Yerusalem, ñu tabax ca tata ju ñu dàbbali. Daawuda moo ko nangu woon ca Yebuseen ña.

8 «Yaw, tatay gétt gi,
yaw tundu Ofel*,
yaw janq Siyoŋ mu taaru mi,
yaw lees di ñëwal,
yaw la kilifteef ga woon di dikkal,
nguur gi, janq Yerusalem mu taaru lay ñeel.»

### *Coono jur na jant bu yees*

9 Ana lu la tax di yuuxoo yuuxu tey?
Buur daa amul fi sa biir?
Am ki lay xelal a dee,
ba mitit jàpp la nii, nga mel ni kuy matu?
10 Wañaarul te yuuxu ni kuy matu ndax mitit,
yaw janq Siyoŋ mu taaru,
nde dëkk bi ngay génn, màkkaanoo àll bi,
dinga dem Babilon†,
te fa lees lay xettalee,
fa la la Aji Sax jiy jote ci loxol say noon.

11 Tey ci sa kaw, la xeet yu bare daje, yaw Siyoŋ,
te naan: «Nees ko tëdde,
nanu seetaan Siyoŋ!»
12 Booba ñoom xamuñu lu ciy xalaati Aji Sax ji,
ak luy mébétam,
nde moo leen di dajale niy sabaar ca dàgga ja.
13 «Yaw janq Siyoŋ mu taaru, jógal bàcci leen,
sa béjjén laay def ag weñ,
say wewi tànk, ma def ko xànjar,
nga rajaxe xeet yu bare.»
Yaay faagaagal seen alal ju lewul, ñeel Aji Sax ji,
seen koom ñeel Boroom àddina sépp.

### *Betleyem la kilifa di juddoo*

14 Léegi yaw, dëkkub gàngoor yi,
defal sa bopp ay gàngoor,
ab gaw lees nu yékkatil,
te yetu ŋaam lees di dóor njiital Israayil.

# 5

1 «Yaw Betleyem Efrata,
lu tuut ci làngi Yuda,
ci yaw la ku may yilifal Israayil di génne,
cosaanam di jant yu yàgga yàgg,
bu njëkkoon.»
2 Moo tax Aji Sax ji di leen wacc
ba keroog kiy matu mucc.
Ca la bokkam ya dese bakkan di dellu,
fekki seen bokki bànni Israayil.
3 Kilifa gaay taxaw, sàmme ci dooley Aji Sax ji,
ci màggug turu Yàllaam Aji Sax ji,
ba ñu dëkke jàmm,
nde léegi lay doon Ku màgg,
ba turam dajal cati àddina.
4 Kookooy doon buntu jàmm,
ba bu waa Asiri songee sunum réew,
ba daagoo sunu kawi tata,
juróom ñaari njiit lanu koy yékkatil,
ba juróom ñetti garmi.
5 Ab saamar la ñooñuy yilife Asiri,
réewum Nimrodd mooma ca biiri buntam.
Kilifa gi ñu dige moo nuy xettaleek Asiri,
bu ñu nu songee,
ba joggati sunu suuf.

### *Ndesu Israayil dina am doole*

6 Ci biir askan yu bare la ndesu Yanqóoba di nekk,
mel nib lay bu bawoo fa Aji Sax ji,
nirook waame wu wàccal gàncax,
xaarul lenni nit,
lenni doom aadama la séentuwul.
7 Ci biir askan yu bare la ndesu Yanqóoba di nekk,
ci biir xeeti àddina,
mbete gaynde ci biir rabi àll yi,
nirook gaynde gu mat ci biiri gàtt;
fu mu jaare, joggati, xotat,
te kenn du wallu.

### *Cëslaay réer na bokkaalekat*

8 Aji Sax ji, sa loxo ca kaw, tiim say bañ,
mboolem say noon lees di jële ci kaw suuf.
9 «Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
«maay sànke fi saw askan say fasi xare,
te maay sànk sa watiiri xare.
10 Maa fiy yàqe sa dëkki réew mi,
màbb sa tata yépp.
11 Maay foqatee ay xërëm ci sa loxo,
te ay gisaanekat, dootuloo ko am.
12 Maay jële fi saw askan say tuur,
ak say tuuri doj,
te dootoo sujjóotal loo sàkke say loxo.

† **4.10** Lu wara tollook téeméeri at gannaaw gi, ba Buur Esekiyas deewee la Yerusalem tàbbi ci loxol Babilon. Seetal ci 1.1.

13 Maay buddee fi saw askan xeri
jaamookaayi Asera tuur mi,
te maay yàq say jëmmi tuur.
14 Mer akum sànj laay feye xeeti yéefar
yi déggul ndigal.»

## 6

*Aji Sax ji tudd na sikkaangey ñoñam*
*Mise mooy wax*
1 Dégluleen rekk li Aji Sax ji wax.
Jógal layoo, tund yu mag yi seede,
tund yu ndaw yi dégg la.
2 Yeen tund yu mag yi, dégluleen layoob Aji Sax ji,
ak yeen reeni suuf yi sax dàkk.
Aji Sax jee joteek ñoñam,
mooy wàqanteek Israayil.
*Aji Sax jeey wax*
3 «Yeen sama ñoñ, ana lu ma leen def?
Ana fu ma leen sonale?
Waxleen ma!
4 Yeen maa leen génne réewum Misra,
kërug njaam googa, maa leen fa jote,
ba yebal fi seen kanam, Musaa ak Aaróonaak Maryaama.
5 Yeen sama ñoñ, fàttalikuleen rekk
la leen Balag buurub Mowab fexeeloon,
ak la ko Balaam doomu Bewor tontu woon.
Doxub diggante Sitim ba Gilgal* it, baleen ci xel,
ba ràññee njekku Aji Sax ji.»
*Nit ñeey wax*
6 Ana lu may dikkaale fi kanam Aji Sax ji,
ba sujjóotal Yàlla ja fa kaw?
Tee ma koo dikke ay rendi-dóomal,
ay wëlluy menn at?
7 Mbaa dina ma nangul junniy kuuy,
ak fukki junniy dexi diw?
Am samab taaw laay joxe saraxu peyu bàkkaar,
sama meññeefum biir di sama saraxu peyug tooñ?
*Mise mooy wax*
8 Yaw nit ki, waxees na la li baax,
ak li Aji Sax ji sàkku ci yaw,
te loolu moyul di def yoon, sopp jëfi ngor
te woyof nooy toppe sa Yàlla.
9 Baatub Aji Sax ji mooy joor dëkk bi,
te ndam mooy ñeel ñi wormaal sa tur.
*Aji Sax jeey wax*
«Dégluleen seen yetu mbugal, ak ki ko yebal,
10 ndax alalu njublaŋ a ngi ci biir këri njublaŋ yi ba tey,
mook nattukaayi alkànde yu tuut ya ñuy jaaye?
11 Ana nu may ñàkka toppe màndaxekaayi njublaŋ,
ak mbuusum doomi naxekaay yees cay natte?
12 Boroom alal yi ci sa biir, aw ay lañu fees,
waa dëkk bi di fen,
te lu seen làmmiñ tudd ay nax la.
13 Man it moo tax ma di la duma ba nga wopp,
gental la ndax say bàkkaar.
14 Yaw de dinga lekk, te doo suur,
xanaa wéye biir bu wéet.
Dinga fat loo dul mana denc fu wóor,
te loo denc fu wóor it, ab saamar laa koy jox.
15 Yaw de yaay ji te doo góob,
nga nal doomi oliw te doo ca diwu,
nal doomi reseñ te doo naan biiñ.
16 Dogali Buur Omri daal lees di topp,
ak mboolem jëfini waa kër Buur Axab†.
Seeni pexe ngeen topp,
ba tax may def dëkk bi di lu daw yaram,
waa dëkk bi di ñu nit ñiy muslu ci seenu demin,
te gàcceg sama ñoñ, yeena koy gàlloo.»

## 7

*Yàqute maase na*
1 Wóoy, ngalla man mi mel ni kuy forsi,
te meññeef ma fatu,
may raasaatu, te du cabbu reseñ ju nit lekk,
du figg ju bees ji ma namm.
2 Ngor a jeex ci réew mi,
njub tumurànke ci nit ñi.
Ñépp, ku ñu tuur deretam lañuy tëru,
ku nekk, mbokkam lay fiir.
3 Lu bon la seeni loxo mane:
kàngam di laaj, ab xaali di sàkkub ger,

* **6.5 *Sitim ba Gilgal:*** Sitim la Israayil tàmbalee woon seenub dox, jeexale Gilgal, ca wàllaa dexu Yurdan ga feesoon gannaaw ba ñu ko jàllee. Seetal ci *Yosuwe* 3.1—5.12. † **6.16 *Omri*** ak doomam ***Axab*** ay buuri Samari lañu woon, ñu ràññeeku ci jalgati yoon, ak lawal ag bokkaale.

boroom daraja moom, di wax fuqley
bakkanam,
ñu ànd ràbbum pexe.
4 Ki gën ci ñoom, neexook ag dég,
ki ci jub yées ag taxas.
Bés ba say wattukat yégle woon,
sa bésu mbugal taxaw na,
léegi lees di waaru.
5 Buleen gëm ab xarit,
buleen wóolu ab xejj,
fi kanam ndaw siy tëdd sa gannaaw sax,
sàmmal sa bunti gémmiñ.
6 Doom ju góor a ngi sofental baay ba,
ju jigéen ja jógal ndey ja,
jabar jógal goroom,
nooni nit ki di waa këram.

7 Man nag Aji Sax ji laay séentu,
Yàlla ji may musal laay xaar,
te sama Yàllaa may nangul.

### *Yërmande wuutu na mbugal mi ñeeloon Siyoŋ*

8 Yaw samab noon, bu ma ree;
maa daanu, maay jóg.
Ci biir lëndëm laa toog,
waaye Aji Sax jeey samag leer.
9 Maa moy Aji Sax ji,
kon naa tegoo meram,
ba mu layool ma, dëggal ma,
génne ma ba dugal ma ci leer gi,
ma gis àtteb dëggam.
10 Ndaw siy samab noon moo koy seede,
sëlmoo gàcce,
moo ma ne woon: «Ana sa Yàlla Aji Sax ji?»
Samay gët a naa ndaw soosu jàkk,
ñu di ko dëggaate ni banu mbedd.

11 Bés a ngii bu ñuy tabaxaat say tata,
su bés baa lees di yokk sa kemu suuf.
12 Su bés baa ci yaw lees di dikk,
bawoo Asiri ak dëkki Misra,
bawoo diggante Misra ba ca dex ga,
ak géej ba géej, tund ba tund.
13 Àddina ab gent lay doon ndax ñi ko
dëkke,
muy añub seeni jëf.

14 Ngalla nanga sàmme saw yet sa ñoñ,
sa gàtt yi nga séddoo,
te ñu màkkaanoo gott bi ñoomu neen,
fi digg parlu mu naat.
May leen ñu fore àlli Basan ak Galàdd
na jant ya woon.

15 Aji Sax ji nee: «Maa leen di won ay
kiraama,
na woon ba ngeen di génn réewum Misra.»

16 Xeet yee ciy gis, rus,
te seen gépp njàmbaar du tee ñu ub seen
gémmiñ, ñu tëx.
17 Ñooy mëq suuf ni jaan,
ak ndëgmeenti suuf,
di lox, génne seeni tata,
te su boobaa yaw sunu Yàlla Aji Sax ji
lañuy tiit,
ragal la.

18 Ana Yàlla ju mel ni yaw,
di baale ag tooñ, di jéllale ag moy,
ñeel ndesu ab séddoom?
Kii du denc mer ba fàww,
te moo bëgg di yéwéne.
19 Moo nuy yërëmati;
sunuy ñaawtéef lay joggiy tànkam,
te biir xóotey géej lay tàbbal sunuy bàkkaar.
20 Yaay sàmm kóllëre ak Yanqóoba, yéwéne
Ibraayma,
na nga ko giñale woon sunuy maam, janti
démb.

# Téereb Yonent Yàlla
# Nawum

Téereb *Nawum* moo tënk kàdduy waxyu yi dal ci réewum Asiri. Waa Asiri fexeel nañu Aji Sax ji lu bon, te teg nañu réewum Israayil mitit yu tar. Gàngoori Asiri tas nañu Samari, péeyu nguurug Israayil ga ca bëj-gànnaar, ci atum 722 lu jiitu Almasi. Gàddaayloo nañu waa Israayil ci yeneen réew yu sore, li waral waa Yuda wéet, ba noppi ànd ak tiitaange gu rey. Nawum nag, di dëfal xoli waa Yuda, nguurug Israayil ci bëj-saalum, di leen wax ci mbugal mu Yàlla di dikkal Niniw, péeyu Asiri, ndax seen coxorte. Turu Nawum mi ngi tekki «Dëfal xol».

Ci tënk:

- 1.1-8 Sant Aji Sax jeey jàmbaar ju raglu te baax.
- 1.9—2.3 Jéllub Asiri moo yokk darajay ñoñi Yàlla yi.
- 2.4—3.19 Dees na tas Niniw, péeyu Asiri.

*Ubbite gi*

1 Yéeneb waxyu bu dal dëkk bi ñuy wax Niniw a ngii, di téereb peeñum Nawum ma dëkk Elkos.

*Aji Sax jeey jàmbaar ju raglu te baax*

2 Aji Sax ji mooy Yàlla ju fiir, te mooy mbugale,
Aji Sax ji mooy mbugale, te di boroom sànj.
Aji Sax ji mooy mbugal ay bañam,
mooy sànju ci kawi noonam.
3 Aji Sax ji la mer ma diib, doole ja bare;
te du ñàkka topp ku tooñ ag tooñaangeem.
Aji Sax jeey daagoo biir callweer ak ngëlén,
niir yi di pëndub tànkam.
4 Mooy gëdd géej, wowal;
mboolem dex, mu ŋiisal;
parluy Basan ak Karmel, mu laxal;
tóor-tóori àllub Libaŋ, mu laxal.
5 Tund yu mag yi di ko loxal,
tund yu ndaw yi seey,
suuf fuddu fi kanamam,
mook àddina ak mboolem li ci biiram.
6 Bu sànjoo, ana kuy taxaw?
Ana kuy dékku tàngooru meram?
Am sànjam a naan soteet ni sawara,
doj yi rajaxoo fi kanamam.

7 Aji Sax jee baax,
moo dib rawtu, bésub njàqare,
te moo ràññee ñi ko làqoo.
8 Mbàmbulaan lay walal ba faagaagal dëkk bii,
te mooy toppi noonam ba ca biir lëndëm ga.

*Njàqare ji du ñaar*

*Ñeel Yuda*

9 Ana lu ngeen di fexeel Aji Sax ji?
Mooy neenal, lépp neen;
njàqare ja du ñaar.
10 Niy taxas la ay noonam di laxasoo,
mel ni ñu naan ba màndi,
te ni boob bu wow lañuy lakke ba xoyomu.

*Ñeel Niniw*

11 Ci yaw dëkk bii la nit génne,
di fexeel Aji Sax ji lu bon,
di mébét pexey ndëngte.

*Ñeel Yuda*

12 Aji Sax ji moo ne:
«Bu ñu matoon, ne gàññ it
ni lees leen di sànke, ñu ne mes.
Maa la mitital, dootuma la mitital.
13 Léegi buum gi ñu la yeewe laay dog,
say jéng laay dagg.»

*Ñeel buuru Niniw*

14 Aji Sax ji moo santaane lii ci yaw.
Mu ne: «Lu bokk ci saw tur du lawati,
ci say kërug yàlla laay yàqe bépp xërëm
ak jëmmi weñ gu ñu xelli,
te maay waajal sa bàmmeel,
nde tekkiwuloo tus.»

## 2

*Ñeel Yuda*

1 Ndaw a ngii dawe kaw tund ya,
di indi kàddu, xibaaru jàmm.
Yaw Yuda, bégeel sa bési màggal,
te wàccook say xas.
Nit ku bon ki dootul jaare fi yaw;
léppam lees di dagg, sànni.

*Ñeel Niniw*

2 Ki lay falaxe buur na, wutsi la!
Sàmmal sab tata, wattu saw yoon,
takkal sa ndigg, te dëgërlu bu baax.

*Ñeel Yuda*

3 Aji Sax ji moo yeesal darajay Yanqóoba,
darajay Israayil moomu.

Ay taskat a ko tasoon,
yàqate ay caram.

### *Dëkkub noon daanu na*

4 Pakki jàmbaaram ña lañu suub xonq,
ñeyi xare ya sol lu xonq curr,
watiiri xare yay melax ni luy tàkk,
ca bés ba ñu waajal xare,
xeej ya jóg.
5 Ca mbedd ya la watiiri xare yay riire,
riddi jaare pénc ya,
mel niy jum,
di ray-rayi niy melax.

6 Ca la njiit la di woolu kàngami xareem,
ñuy gaawtu bay tërëf*.
Tata ja lañuy gaaw wutali,
ba yékkati ay kiiraay.
7 Bunt ya jëm dex ga ñooy jekki ubbiku,
kër buur màbb.
8 Futtees na jongama†, yóbbu,
janqam jay binni niy xati,
di fëgg seen dënn.
9 Niniw la ay nitam di daw, mu mel ni mbànd
mu ndox may senn,
ñu naan leen: «Taxawleen, taxawleen,»
te kenn geestuwul.

10 Sëxëtooleen xaalis, sëxëtoo wurus,
alal du fi jeex te mboolem gànjar a jale.
11 Dëkk bi lees di raatale, maasale,
mu ne faraas,
fit rëcc, óom yiy fenqe,
ndigg yépp di kal-kali,
kanam yépp di sël-sëli.

### *Doole réer na gaynde*

12 Moo ana paxum gaynde ga?
Ana àllub gaynde yu ndaw ya,
fa góoru gaynde daa daagoo,
mook jeegub gayndeem ak doom ya,
te dara tiitalu leen!
13 Gaynde di fa fàdd lu doy ay doomam,
reyal ay jeegi gayndeem,
feesal xuntam akum rëbbam,
feesal paxam akum pàddam.

14 «Maa ngii fi sa kaw,»
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
«Say watiiri xare laay lakk, saxaaral,
sa gaynde yu ndaw, saamar lekk leen,
te sam pàdd laay jële ci réew mi,
ba deesul déggati baatu ndaw loo yebal.»

## 3

### *Ab safaan ñeel na Niniw*

1 Wóoy, ngalla dëkkub tuurkatu deret bi,
ñépp di fen, fees aku ay,
te foqati alalu jàmbur du dakk!

2 Kàcciri dal,
ay mbege riir,
fas rëpptal,
watiir kar-kari.
3 Gawar buur,
saamar melax,
xeej lerxat,
ñu bare ne lasiim,
ñi dee jale,
néew ya tëë jeex,
ñuy fakkastaloo néew ya.

### *Aw léeb ñeel na Niniw, gànc biy xërëmtu*

4 Lépp ndax ngànctu gu bare gi gànc bi nekke!
Jekk tànkee, boroom xërëm yi,
ci ngànctu nga jaaye ay xeet,
te xërëmtu nga naxe ay giir.

5 «Maa ngii fi sa kaw,»
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
«Sa pendal laay ñori,
ba muur sa xar-kanam,
won xeeti jàmbur yi sa yaramu neen,
gisloo waa réew yi sa gàcce.
6 Maa lay xëpp mbalit, sewal la,
def lam ceetaan,
7 ku la gis, daw la
te naan: "Niniw tas na!
Moo ku koy jooy?"
Ana fu ma koy wutale ñu ko dëfal?»

### *Niniw du gën dëkku No Amon demin*

8 Moo Niniw, dangaa gën No Amon*, péeyub Misraa?
Dëkk ba dëju fa digg wali Niil ya,
am ndox wër ko,
am tataam di géej,

---

* **2.6** Seetal ci 3.3. † **2.8** ***jongama*** ji, jombul jëmmu tuur la mu ñu ne mooy nangul am njur. Man naa doon it dëkk bi ci boppam. * **3.8** ***No Amon*** moy dëkk bi Asiri duma ci 663 at lu jiitu Almasi bi.

miiram di ndox mu wale géej,
9 réewum Kuus di ndëgërlaayam,
Misra di ko dooleele doole ju dul jeex,
réewum Puut ak Libi di ko jàppale.

10 Teewul ñu gàddaayloo ko, yóbbu cig
njaam;
ay goneem, ñu falaxe leen ci mboolem
selebe yoon;
ay kàngamam, ñu tegoo bant;
kilifaam yépp, ñu jéng leen.
11 Niniw yaw it dinga bilimbaane,
jànnaxe, di wuta raw ab noon.

### *Doole réer na Niniw*

12 Sa tata yépp ni garabi figg
yu ñoral ndoortel meññeef lay mel,
soo yëlëbee, doom ya rot,
ca gémmiñ ga ka namma lekk.
13 Say gàngoor a ngii diy jigéen fi sa biir,
sa bunti réew lafal say noon,
ne ŋàpp-ŋàppaaral,
sawara xoyom tëjukaay ya!

14 Niniwee, ndox moo fàggoo ab gaw,
ngay rooti te dàbbali say tata.
Duggal ci bàq bi, noote ban bi,
te ne cas móolukaay bi!
15 Fa la la sawara di xoyome,
saamar xottee la fa,
raafal la ni soccet di def.

### *Niniw day raaf*

Fulal saw nit niy soccet,
ñu tollu niy njéeréer.
16 Ay jula nga barele,
ba ñu ëpp biddiiwi asamaan,
te ñoo mel niy soccet, tojtal, naaw.
17 Say kàngam it niy soccet,
say jawriñ ni naaxu gunóor
yu dale kaw tata, bésub sedd,
jant bi jóg, ñu daw,
te deesul xam fu ñu nekk.

### *Woykat jooy na Niniw*

18 Buurub Asiree, say sàmm a saay,
say garmi nelaw,
sa gàngoor tasaaroo kaw tund wa,
te ku leen dajale wuute.
19 Sa damm-damm amul paj,
sab góom metti,
ba mboolem ñi dégg li la dal
di tàccu ci sa kaw,
nde ana ku sa mbon gi dul jeex lorul?

# Téereb Yonent Yàlla
# Abakug

Abakug, janti Yuda yi mujj bala ñoo daanu ci atum 586 lu jiitu Almasi bi, ci loxol Babilon, ci la doon waare. Téere bii waxtaan la wu mu am ak Yàlla, waxtaan wuy firndeel ne Yàlla nangu na nu diis ko sunuy xel ñaar. Li mu bëgga xam mooy su dee Yàlla am na, lu waral ñu bon ñi di baaxle?

Ci tënk:

- 1.1-11 Abakug laaj na: Lu waral Yàlla di bàyyi Yuda muy bàkkaar? Yàlla tontu na.
- 1.12—2.20 Abakug laaj na: Nan la Yàlla mana jëfandikoo Babilon ngir mbugal Yuda? Yàlla tontu na.
- 3.1-19 Abakug màggal na Yàlla.

*Ubbite gi*

1 Ab yéenee ngii bu ñu won Yonent Yàlla Abakug.

*Abakug tàmbali naa jooy*

2 Éy Aji Sax ji, foo àppal lii?
May woote wall, dégluwoo ma!
Ma di la jooy aw ay, te walloowoo!
3 Ana loo may wone lu bon,
tey seetaan nooteel?
Yàquteeku ay fi sama kanam,
xuloo di wéy, ŋaayoo jolli.
4 Moo tax yoon lafañ,
te àtteb dëgg du feeñ mukk.
Ku bon a tanc ku jub,
ba tax ab àtte jalgatiku.

*Aji Sax ji tontu na*

5 «Xoolleen ci biir xeet yi ba gis,» la Aji Sax ji wax.
«Jommileen jommeet, nde jëf a ngi jëfe ci seeni jant,
su ñu leen ko waxoon sax, dungeen ko gëm.
6 Maa ngii di dooleel waa Babilon,
xeet wu wex, ràkkaaju,
di wër déndi àddina,
di nangu màkkaani jàmbur.
7 Ñu ñàng, raglu,
te di dogalal seen bopp àtteb yoon ak sañ-sañ.
8 Seeni fas a gëna gaawi segg,
gëna aay tilli timis.
Fu sore la seeni gawar jóge, tëbal,
naaw nig jaxaay
ju ne jàyy, lekkum rëbbam.
9 Aw ay lañuy dikke, ñoom ñépp,
buurandoo, jubal màkk seen kanam,
te ñi ñuy jàpp njaam bare ni feppi suuf.
10 Ñooñu ay buur lañuy ñaawal,
boroomi daraja di seen reetaanukaay;
ñii lépp luy tata lañuy kekku,
jalal ko suuf, nangu ko.
11 Jàll, wéy lañu cay teg ni ngelaw,
tegoog tooñ, te seen doole di seen yàlla.»

*Abakug jooyati na*

12 Waaye Aji Sax ji, xanaa du yaa masa nekk?
Sama Yàlla sama Aji Sell ji, doo saay.
Aji Sax ji, ab àtte nga tabbe ñii,
yaw sama cëslaay, mbugal nga fi dëje ñii.
13 Sa gët yu sell jomb naa niir lu bon,
te manoo seetaan nooteel!
Ana looy seetaan ay workat?
Looy noppi te ku bon di mëdd
moroomam mu ko gëna jub?
14 Yaa def doom aadama mel niw jën,
mbaa ndiiraanu ndundat lu amul njiit,
15 te ñoom ñépp la ku bon di korandoo,
diri leen ciy mbaalam,
dajale ciy caaxam,
ba tax ko di bég aka bànneexu.
16 Moo tax muy rendil mbaalam ab sarax,
di taalal ab caaxam saraxu cuuraay,
te naan moo niinal njëlam,
duunal ab dundam.
17 Mbaa du nii lay yuree mbaalam,
di wéye fàllas ay xeet te yërëmul?

## 2

1 Fa may wattoo laay taxaw,
ne temm fa kaw tata ja,
ba xam ana lu mu ma Aji Sax ji di àddu,
ak lu may waxaat ci samab tawat.

*Aji Sax ji àddooti na*

2 Aji Sax jee àddu, ne:
«Bindal peeñu mi,
leeral ko ci àlluwa yi,
ba njàng mi yomb.
3 Peeñu mi seede la, ñeel jant ba ñu ko àppal,

seede su wóor ci na mbir may mujje, te du fen.
Su diibee it, xaar ko,
day dikk moos te du yàggati.

4 «Xol baa ngay xoggaliku, te ag njub nekku ca,
waaye ku jub ndax kóllëreem ak Yàlla mooy dund.
5 Biiñ day wore,
jàmbaar ju bew jii* nag du dallu,
xanaa yàkkali puruxam ni njaniiw,
du doylu, mbete dee,
moom miy buubandoo xeetoo xeet,
dajale askanoo askan, aakimoo.
6 Xanaa du ñi mu teg loxo ñépp a koy léebuji,
fental ko woy wu ñu ko kókkalee, naan:
“Wóoy ngalla kii di dajale lu mu moomul, lii ba kañ?”
Kii di sëfoo nii ay bor!
7 Moo! Ndax ñi la lebal duñu jekki jóg?
Ñooñu la tiital ñooy jekki yewwu,
te yaay doon seenum cëxëtoo.
8 Yaa sëxëtoo woon ay xeet yu bare,
mboolem ndesu askan yee lay sëxëtooji,
ndax deretu nit ji nga tuur, soxore ay réew
aki dëkk ak mboolem ña ca biir.

9 «Wóoy ngalla kuy dajaleel këram
alalu yàqute ju lewul
tey aj am tàggam fu kawe,
ngir fegu ci yàqule.
10 Gàcce nga nasal sa kër,
ba nga sànkee ay xeeti xeet,
te yaa tooñ sa bopp.
11 Doju tata dina riir déy,
aw dénk àddoo ca jank ba, feelu ko.

12 «Wóoy ngalla ku tabaxe ab dëkk
deret ju mu tuur,
ku sanceb dëkk ag njubadi.
13 Xanaa du ci Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi la lii bawoo:
Sawara la askan yiy ñaqal,
ag neen la waasoo yiy doñ-doñil?
14 Waaye ni ndox muure xóotey géej ba mu daj,
ni la darajay Aji Sax jiy ràññikoo ci àddina sépp.

15 «Wóoy ngalla yaw mi nàndal sab dëkkaale,
sotti sa ndabal sànj, màndale ko,
ngir niir ko, mu ne duŋŋ!
16 Gàcce ngay gëna regg teraanga,
naanal yaw it te wone sa mbuñuka!
Ci yaw la kaas bi ci ndijooral Aji Sax ji di walbatiku,
sa toroxte wuutu sa teraanga.
17 Ay wi nga teg Libaŋ mooy këppu ci sa kaw,
te sànkuteg rabi àll yi sa tiitaange jay jur.
Yaa tuur deretu nit, indi aw ay ci réew mi,
ak dëkk beek mboolem ñi ci biiram.

18 «Ana luy njariñal yatt jëmmu xërëm
ju ki ko sàkk yatt,
mbaa jëmmu xërëm ju ñu xelli,
di ci gëmloo nit ay fen?
Sàkk sa yëfi bopp, wóolu ko,
xërëm yoo móol te manula wax!
19 Wóoy, ngalla ku naan bant: “Xippil,”
naan doj wu ne selaw: “Yewwul!”
Ana lu yooyii di xamle?
Ma nga noonu, ñu xoobe ko xaalis ak wurus,
te du gennug noo ci biiram.»

20 Aji Sax ja moom, ma nga ca màkkaanam mu sell,
na àddina sépp selaw fi kanamam.

# 3

## *Abakug ñaan na ci Yàlla*

1 Ñaanu Yonent Yàlla Abakug a ngii,
galanu woy wi di galanu njàmbat.
2 Éy Aji Sax ji, maa dégg sab jëw,
Aji Sax ji maa yéemu ci sa jaloore!
Ngalla yeesalal say jaloore, nu fekke,
xamleel say jaloore, nu fekke,
bu la am sànj teree geesu, yërëm.

3 Yàllaa ngi jóge Teman,
Aji Sell ji foofa ca tundu Paran* lay bawoo. Selaw.
Darajaam moo dajal asamaan,

* **2.5** ***jàmbaar ju bew jii*** mooy waa Babilon.

* **3.3** ***Teman*** ak ***Paran,*** ay gox lañu yu féeteek fa Yàlla bawoo tundu Sinayi, jëmsi Israayil.

cant bi ko ñeel fees kaw suuf.
4 Kee di leer gu ne ràññ,
ay ceeñeer fettaxe ci loxoom,
te fa la dooleem làqe.
5 Mbas moo dox, jiitu ko,
jàngoro topp ciy tànkam.
6 Kee taxaw, yëngal suuf;
kee xoole, loxloo xeet yi,
tund yu mag ya woon naka jekk rajaxoo,
tundi cosaan yu ndaw ya maasaloo.
Kii moo moom yooni cosaan yi.
7 Njàqare laa gis ca xaymay Kusan,
te ndimoy xaymay waa Majan† yëngu na.

8 Aji Sax ji, dex yi nga sànjul?
Am dex yi nga mere?
Am géej nga sàmbaaral,
ba war say fas,
dawal sa watiiri dawal-daan?
9 Yaa génne sa xala mbaram,
feesal sa mbuusum fitt.
Selaw.
Yaa xare suuf ay dex.
10 Tund yi gis la, jaayu;
waame wàcc, wéy;
xóote ya riir,
gannaxam ya jolli fa kaw.
11 Jant ak weer ne tekk fa seen màkkaan,
janook sa leeru fitt yi soqi,
ak melax gi tàkke ci sab xeej.
12 Am sànj nga daagoo fi kaw suuf,
mer nga dëggaatee xeet yi.
13 Yaa génn ngir wallusi sa ñoñ,
wallusi ki nga fal.
Yaa rajaxe puju néegu ku bon ki,
xar ko ñaar, geen ba ci put.
Selaw.
14 Ba noon ya riddeendoo, di nu tasaaresi,
seen xeeju bopp nga bëtte seen bopp,
fekk leen ñuy xaxaloo, ni ñuy waaja sëxëtoo
ay néew-ji-doole, fu kenn yégul.
15 Yaa jaabal say fas biir géej,
yëngal mbàmbulaan ma.

16 Ba ma ca déggee, samay butit a yëngu,
coow la tax samay tuñ di lox,
sama yaram dee goyy,
may lox fi ma taxaw,
te ne cell, di séentu bésub njàqare,
bay dikkal xeet wi nu song.
17 Ndaxam garabu figg meññul,
doomu reseñ amul ca ndeyam,
njurum garabu oliw àntuwul,
tool yi meññul aw ñam,
gàtt it tukkee na ca gétt ga,
du genn jur gu gudd ci wërmbal,
18 te man may bànneexoo Aji Sax ji,
Yàlla ji may wallu laay bége.
19 Aji Sax ji Boroom bi mooy sama doole,
moo ma defal samay tànk mel ni yoy kéwél,
te fa kawte ya la may daaguloo.

Mu jëm ci njiital woykat yi, ànd ak samay xalam.

† **3.7 *Kusan*** ak ***Majan,*** ay mbooloo yu dëkke ay xayma lañu, ci màndiŋu Sinayi.

# Téereb Yonent Yàlla Sofoni

Téere bii moo indi kàdduy waxyu yu yonent Yàlla Sofoni jottali woon, jëme ci réewum Yuda, laata Babilon di tas réew ma. Booba waa Yuda dañoo dëddu Aji Sax ji, di jaamu ay yàlla yu dul dëgg. Rax ci dolli déggal Yàlla du woon lu leen amal solo, ndax booba koomu àddina moo leen jay, ba gisuñu njariñal tuub seeni bàkkaar. Ci tënk:

- 1.1—2.3 Su bésub Aji Sax ji taxawee, Yuda day tas tasar.
- 2.4—3.8 Mbugal dëgmal na yeneen xeet yi, dëgmal Yerusalem.
- 3.9-20 Yuda dégg na digeb barke, ndax dinañu dellu ci Aji Sax ji.

*Ubbite gi*

1 Kàddug Aji Sax jii moo dikkaloon Sofoni doomu Kusi*. Kusi, Gedalya mooy baayam; Gedalya, Amarya, Amarya, Esekiyas. Mu yemook janti buuru Yuda, Yosya doomu Amon.

*Am sànj taxaw na*

2 «Lépp laay buube ba mu set fi kaw suuf.»
Aji Sax jee ko wax.
3 «Doom aadama ak mala,
njanaaw ak jën laay buub,
ak luy fakkastale, booleek ñu bon ñi.
Maay jële doom aadama fi kaw déndub suuf.»
Aji Sax jee ko wax.

4 «Maay xàcc sama loxo jëme ci Yuda
ak mboolem waa Yerusalem.
Maay jële fi bii béreb ndesu tuuri Baal,
ak turu sarxalantukatam yeek sarxalkatam yi,
5 ak ñiy sujjóotal ci kawi taax gàngoori biddiiw yi,
ak ñiy sujjóotal aka giñal Aji Sax ji
tey giñe Milkom, yàllantu ji,
6 ak ñi dëddu Aji Sax ji,
wutuñu Aji Sax ji, wutuñoo diisook moom.»

7 Miig! Fi kanam Boroom bi Aji Sax ji,
bésub Aji Sax ji kat dëgmal na;
Aji Sax jee waajal ab sarax,
te moo ca sellal ay ganam.

8 «Keroog bésub saraxu Aji Sax ji,
maay dikke mbugal kàngam yeek doomi buur yi
ak boroom coli ndoxandéem yi.
9 Bésub keroog maay dikke mbugal
képp ku aw tuuram tax mu aadawoo di tëb dëxu bunt†,
ak ñiy feesal seen kër yàllantu ak alal
ju aw ay ak njublaŋ maye.
10 Su bés baa,» Aji Sax jee ko wax,
«yuux dina jibe fa buntu Jën ya,
wóoy jibe fa Sanc ya,
rajaxoo ju réy jollee ca tund ya.
11 Yeen waa goxu marse ba, yuuxooleen,
ndax jula yépp ay sànku,
mboolem kuy natt dogi xaalis lees fay jële.
12 Jantub keroog ay làmp laay niite Yerusalem,
ba dikke mbugal ña fa ne degg,
taaje ni biiñ ci kaw ginjriitam,
te naa ci seen xel: “Aji Sax ji baaxewul, lorewul.”
13 Seen alal lees di sëxëtooji, seeni kër gental,
ñu tabax ay kër yu ñu dul dëkke;
jëmbat tóokëri reseñ yu ñu dul naan biiñ bi.»

14 Bésub Aji Sax bu mag bee dëgmal,
moo dëgmal te tànk yu gaaw lool lay jegesee.
Kàddug bésub Aji Sax ji dégtu na,
te ca la jàmbaar di yuuxoo yuux yu metti.
15 Bésub keroog bésub sànj lay doon,
bésub njàqare ak tumurànke,
bésub gental ak gentle,
bésub lëndëmu xàmbaari guddi gu ne këruus,
16 bésub bufta ak wootey xare
ca kaw dëkk ya ñu dàbbali,
ak ca kaw sooroori tata ya ca koñ ya.

17 «Ca laay jàqale doom aadama yi,
ñuy tëñëx-tëñëxi ni silmaxa,

---

* **1.1 *Kusi:*** xalaat nanu ne nit ku ñuul la woon ku cosaanoo ca xeetu Kuus. † **1.9 *tëb dëxu bunt bi:*** li ñu ci jublu mooy moytu loraange ju ñu gëm ne tuur mi man na leen koo yóbbe, bu ñu joggee dëxu bunt bi. Seetal ci *1.Samiyel* 5.5.

nde Aji Sax ji lañu moy,
te seen deret lees di sotti fi pëndub suuf,
seen yérey biir ni neefare fi suuf.
18 Du seen xaalis, du seen wurus
wu leen di mana xettali.
Keroog bésub sànjum Aji Sax ji,
ak sawaras fiiraangeem,
àddina sépp ay xoyomu.
Mooy raafal moos mboolem ñi dëkke
àddina si,
te raafal gu raglu lay doon!»

## 2

### *Wooteb tuub jibal na waa Yuda*

1 Yeen xeet wi dul rus, dajeleen a daje,
2 balaa dogal bee taxaw,
bésub mbugal ne jaas ba wéy ni boob,
bala leen tàngooru merum Aji Sax jee
dikkal,
bala leen bésub merum Aji Sax jee
taxawal.
3 Wutleen Aji Sax ji,
mboolem yeen néew-dooley réew mi,
yeen ñiy jëfe àttey yoonam,
sàkkuleen njub te sàkkoo toroxlu,
jombul ngeen yiiru, kera bésu merum Aji
Sax ji.

### *Mbugal ñeel na xeet yu bare*

4 Gasa dëkk ba lees di wacc,
Askalon gental,
Asdodd, digg bëccëg lees leen di buub,
génne,
te Ekkron* lees di déjjati.
5 Wóoy ngalla yeen waa tefesu géej,
yeen xeetu Keret†,
kàddug Aji Sax ji dal na leen.
Yeen waa Kanaan, réewum Filisteen ñi,
maa leen di sànk ba dungeen dese kenn‡,
6 tefesu géej doon àllub parlu,
ak dëkkuwaayu sàmm seek gétt gi.
7 Tefes ga, ndesu kër Yudaa koy moom§,
ñu di ca fore,
bu ngoonee ñu tëri néegi Askalon.
Seen Yàlla Aji Sax jee leen di dikkal,
tijji seen wërsëg.

8 «Maa dégg ŋàññi Mowab,
kàddu yu ñaaw yi Amoneen ñiy ŋàññe
sama ñoñ,
tey damu, nara nangu seen suuf.
9 Moo tax, giñ naa ko ci man miy dund,»
kàddug Aji Sax ju gàngoor yee, Yàllay
Israayil,
«Mowab déy ni dëkkub Sodom lay mujje,
Amoneen ñi mel ni Gomor,
ay dég ak paxi xorom a koy nangu,
mu gental ba fàww.
Sama ndesu ñoñ a leen di sëxëtoo,
ndesu xeet wi ma séddoo moo leen di
moom.»
10 Loolu lañuy yooloo seen reewande,
nde ñoo doon ŋàññe aka damu
ci kaw ñoñi Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.
11 Nu raglu la Aji Sax jiy dale ci seen kaw,
te mooy ràggal yàllay àddina yépp,
ba xeet yi di ko sujjóotale dunoo dun
wu ci nekk ak fa nga fare.

12 «Yeen waa Kuus itam,
yeen lees di faate sama saamar.»

13 Keey xàcc loxoom jëme bëj-gànnaar,
keey sànk réewum Asiri,
keey def Niniw ab gent bu wow ni màndiŋ.
14 Ca digg dëkk ba la jur gay goore,
ak xeetu rab wu nekk;
looy aki saaw fanaane kaw jëni bunt ya,
ay sab jibe ca palanteer ya,
tojit ya dala jale ca bunt ya,
xànqi seedar ya ne duŋŋ.
15 Ana dëkk bu xumb ba dëkke woon
kaaraange,
te naan cim xelam: «Man rekk a, du
keneen.»?
Nan la doone nii ab gent,
béreb bu rab yiy goore,
mboolem ku fa jaare, muslu, ciipatu.

## 3

### *Yerusalem déggadi na*

1 Wóoy ngalla fippukat bu sobewu bi,
dëkkub nootkat yi.
2 Dégluwul baat, nanguwul kàddu guy yare,
du Aji Sax ji la wóolu,

* **2.4** Dëkk yii, ay dëkki Filisti lañu woon, fa féete ak tefesu géej te dale bëj-gànnaar ba bëj-saalum. † **2.5** Ñooy waa Filisti, seen cosaan moo doon dun bi ñuy wax Keret. ‡ **2.5** Mbugal mii moo sottal alkànde gi toppoon waa Kanaan. Seetal *Njàlbéen ga* 9.25. § **2.7** Réewum Kanaan mi la Yàlla digoon Ibraayma ne moom lay jox aw askanam. Seetal ci *Njàlbéen ga* 12.6-7.

du Yàllaam jooju la jege.
3 Kàngam yi ci biiram di gaynde yuy ŋar,
ay njiitam di tilli timis yu dul pannal,
4 ay yonentam reew, diy workat;
ay sarxalkatam teddadil lépp lu sell, xëtt yoon.
5 Ndaxam Aji Sax jiy boroom njekk a ngi ci biiram,
te du def njubadi,
jantoo jant mu fenkal ab àtteem,
te du wuute fu bët sete.
Ab wurujkat kay moo xamul gàcce.

6 «Maa faagaagal ay xeet,
seeni tata tasaaroo,
ma wéetal seeni mbedd,
ba kenn jaareetu fa,
seeni dëkk a tas ba kenn desul,
kenn dëkkatu fa.

7 «Maa noon Yerusalem: “Xanaa moos dinga ma ragal,
déggal ab yar.”
Su ko defee dëkkuwaayam du tas,
ndax mboolem mbugal yi ma ko dikke,
waaye moo yàkkamtee ñaaw ci jépp jëfam,
8 moo tax, xaar ma rekk,» kàddug Aji Sax jee,
«ba keroog may jóg, nara sëxëtooji,
nde maa dogala dajale xeet yi,
dajale nguur yi,
ngir xëpp leen sama sànj,
mboolem sama tàngooru mer.
Sama sawaras fiiraange déy,
ci la mboolem àddina di xoyomu.

*Yàlla mooy tuubloo xeet yi*

9 «Su boobaa ma soppi làmmiñu xeet yi, setal ko,
ngir ñuy tudd ñoom ñépp turu Aji Sax ji,
di ko jaamoondoo benn bopp.
10 Sama jaam ñi, sama ñoñ ñi tasaaroo,
ca wàllaa dexu Kuus lañuy bawoo, ba indi samab sarax.

*Yàlla soppi na xolu ndesu Israayil*

11 «Su bés baa gàcce dootul am ci sa mboolem jëf
ji nga ma moye,
nde maay jële fi sa biir ñiy bége sab sag,
te doo damooti ci sama kaw tund wu sell.
12 Waaye maay wacc fi sa biir
askan wu woyof te néew doole,
ñu yiiroo turu Aji Sax ji.
13 Ndesu Israayil dootuñu ayibal, dootuñu fen,
deesatu leen déggal kàdduy wor,
ñoom doŋŋ it ñooy for, di goor,
te kenn du leen tiital.»

*Yerusalem dina leqaliku*

14 Yaw janq Siyoŋ mu taaru, sarxolleel!
Éey Israayil, xaacul,
yaw janq Yerusalem mu taaru, bégal,
te bànneexoo xol bu sedd guyy!
15 Aji Sax ji moo teggi say mbugal,
wañ̃i sab noon.
Buurub Israayil, Aji Sax jaa ngi fi sa biir,
dootuloo tiit lu bon.
16 Bésub keroog lees di wax Yerusalem, ne ko:
«Yaw Siyoŋ, bul tiit, bul yoqi.
17 Aji Sax ji sa Yàllaa ngi fi sa biir,
di jàmbaar juy walloo.
Moo lay bége ci biir bànneex,
leqalee la cofeelam,
bége la bay sarxolle.

18 «Ñi amu naqar te sore ndajey bernde,
ñooñu la sore, te tegoo woon gàcce,
maa leen di dajale, teggil leen gàcce tey.
19 Ma ne jant yooyu laay jëflanteek
mboolem ñi leen di sonal.
Ci laay wallu kuy sukkóot,
fat ku tumurànke,
may leen teraanga aku tur,
fépp fu ñu ruse woon ci àddina.
20 Yeen, jant yooyu laa leen di indi,
jant yooyu laa leen di dajale,
nde maa leen di defal aw tur ak teraanga
fi biir mboolem askani àddina,
maay tijji seen wërsëg, ngeen gis.»
Aji Sax jee ko wax.

# Téereb Yonent Yàlla
# Ase

Yonent bi ñuy wax Ase ma nga woon Yerusalem jant ya Yawut yu bare yiwikoo ba ñibbisi, bàyyikoo ca ngàllo ga ñu nekkoon ca Babilon. Gannaaw gi lañu tàmbali di tabaxaat kër Yàlla ga, waaye nooni réew ma yékkati seeni pexe, ngir gàllankoor liggéey ba. Yawut yi dañoo mujj bàyyi liggéeyu tabax bi. Teg nañu ca ay at, Ase doora ànd ak Yonent Yàlla Sàkkaryaa, ma doon ab sarxalkat itam, ñu soññ Sorobabel boroom dëkk ba, ak Yesuwa, sarxalkat bu mag ba, ngir àggale liggéeyu kër Yàlla ga.

Ase ak Sàkkaryaa ñoo boole seen doole ba liggéeyu kër ga mujj àgg, ñu sédd ko Aji Sax ji, ci atum 516 lu jiitu Almasi bi.

Ci tënk, Aji Sax ji yóbbante na ñeenti yéeneb waxyu:

1.1-15 Tabaxaat kër Yàlla ga jot na.
2.1-9 Darajay kër Yàlla ga dina yokku.
2.10-19 Déggal Aji Sax ji, baaxle.
2.20-23 Yàlla tànn na Sorobabel mi bokk ci askanu Daawuda, ngir mu wéyal askanu Daawuda.

## *Tabaxaat kër Yàlla ga jot na*

1 Ca ñaareelu atu nguuru Buur Daryus*,
ca juróom benneelu weer wa, yemook
benn fan ca weer wa, kàddug Aji Sax ji
moo dikk ci jottalib Yonent Yàlla Ase, ñeel
doomu Selcel, Sorobabel boroom Yuda,
ñeel itam doomu Yoccadag, Yosuwe
sarxalkat bu mag ba. Mu ne:
2 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne: «Askan wii dañu ne àpp bi jotagul;
àppub kër Aji Sax ji moo jotagul, ba ñu war
koo tabaxaat.»
3 Kàddug Aji Sax ji nag dikk ci jottalib
Yonent Yàlla Ase. Mu ne:
4 «Àpp bi daal yeen la jotal,
ba ngeen dëkke biir kër yu ay xànq lale,
te kër gii dib gent?»
5 Kon nag léegi Aji Sax ji Boroom gàngoor
yi dafa wax ne:
«Teewlooleen xel seeni jaar-jaar.
6 Yeenay ji lu bare, góob tuuti;
lekk, suuruleen;
naan, màndiwuleen;
solu, nuggluwuleen;
boroom peyoor feyeeku,
yeb ci mbuus mu bënn.»
7 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne:
«Teewlooleen xel seeni jaar-jaar.
8 Yéegleen tund wi, wuti bant, tabax sama kër gi;
ma bànneexoo, darajawoo ko,»
la Aji Sax ji wax.
9 «Lu bare ngeen séentu, ndeke as tuut la,
ngeen fat ko ci kër gi,
ma wal, mu naaw.
Li ko waral lu mu?»
Kàddug Aji Sax ji boroom gàngoor yee.
«Li ko waral mooy sama kër gi gental,
te ku ne ci yeen di dawal sa kër bopp.
10 Kon nag yeena tax asamaan téye ab layam,
suuf téye meññeefam,
11 ma wàcce bekkoor ci suuf seek kaw tund yi,
ak pepp ak ndoxum reseñ,
ak diw ak lu suuf meññal,
ak doom aadama aku jur,
ak mboolem liggéeyu loxo.»

## *Askan wi tontu na*

12 Ba loolu amee doomu Selcel,
Sorobabel, ak doomu Yoccadag, Yosuwe
sarxalkat bu mag ba, ak mboolem ña des
ca askan wa, ñoom ñépp déggal seen
wooteb Yàlla Aji Sax ji ak kàddug Yonent
Yàlla Ase, noonee ko ko seen Yàlla Aji Sax ji
yóbbantee. Askan wa nag ragal Aji Sax ji.
13 La ca tegu Ase, ndawal Aji Sax ji,
jottali askan wa yóbbanteb Aji Sax ji. Mu ne
leen: «Maa ànd ak yeen,» kàddug Aji Sax jee.
14 Ba mu ko defee Aji Sax ji ñaax doomu
Selcel, Sorobabel boroom Yuda, ak doomu
Yoccadag, Yosuwe sarxalkat bu mag ba, ak
ña des ca mbooloo ma ñépp, ba ñu sottali
liggéeyi kër Yàlla Aji Sax ji Boroom gàngoor
yi, seen Yàlla.
15 Loola yemook ñaar fukki fan ak ñeent
ca juróom benneelu weer wa, ca ñaareelu
atu nguuru Buur Daryus.

* **1.1** ***Daryus,*** buuru Pers bu mag la woon.

# 2

## *Darajay kër Yàlla gi dina yokku*

[1] Ca ñaareelu atu nguuru Buur Daryus,
ca juróom ñaareelu weer wa, yemook ñaar
fukki fan ak benn*, kàddug Aji Sax ji moo
dikk ci jottalib Yonent Yàlla Ase. Mu ne:
[2] «Waxal nag doomu Selcel, Sorobabel
boroom Yuda, ak doomu Yoccadag,
Yosuwe sarxalkat bu mag bi, ak ñi des ci
askan wi, nga ne leen:
[3] "Ana ci yeen ñi fi des, ku gisoon
kër gii ca darajaam ja woon?
Ak nu ngeen ko gise tey?
Xanaa du ag neen la leen di niru?
[4] Léegi nag, Sorobabel, góor-góorlul,
Aji Sax jee ko wax.
Yaw doomu Yoccadag, Yosuwe sarxalkat
bu mag bi, góor-góorlul;
yeen mboolem askanu réew mi,
góor-góorluleen,"
kàddug Aji Sax jee. Mu ne: "Liggéeyleen,
maa ànd ak yeen déy,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
[5] Googu kàddu laa jaayante woon ak yeen,
ba ngeen di génne Misra.
Samag noo laa taxawe fi seen biir,
buleen tiit.
[6] Aji Sax ji Boroom gàngoor yi kat dafa wax
ne:
Fileek lu néew, maa ngii di yëngalati
asamaan ak suuf, ak géej ak jéeri.
[7] Maay yëngal xeetoo xeet,
alali xeetoo xeet duggsi, ma feesal kër gii
ak teraanga,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax;
[8] Maa moom xaalis, moom wurus;
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
[9] Daraja ji kër gii di mujje mooy sut ja
woon,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
Mu ne: Ci bii béreb laay mayee jàmm,
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi."»

## *Jëfi sobe àndul ak barke*

[10] Ca ñaar fukki fan ak ñeentu juróom
ñeenteelu weer wa†, yemook ñaareelu atu
nguuru Buur Daryus, kàddug Aji Sax ji
moo dikkal Yonent Yàlla Ase, ne ko:
[11] «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne: Sàkkul nag ndigal ci sarxalkat yi, nga
ne leen:
[12] Waaw, su nit yoree ci lafu mbubbam
aw yàpp wu ñu sellal, ba noppi lafu
mbubbam laal mburu mbaa lu ñu togg,
mbaa biiñ mbaa ag diw mbaa ñam wu mu
doon, ndax loola day daldi sell?» Ase laaj
ko sarxalkat ya, ñu ne ko: «Déedéet.»
[13] Ase dellu ne leen: «Nit ku sobewu
ndax ab néew bu mu laal, su laalee lenn ci
mboolem ñam yooyu, ndax ñam wa
sobewu na?» Sarxalkat ya ne ko: «Sobewu
na kay.»
[14] Ase nag wax leen, ne leen:
«Noonu la ci askan wii,
noonu la ci xeet wii ci sama kanam.
Kàddug Aji Sax jee.
Noonu la ci mboolem seen liggéeyu loxo,
ak sarax su ñu fi indi, loolu lépp a sobewu.

## *Déggal Aji Sax ji, baaxle*

[15] «Léegi nag seetaatleen seen xel bu baax,
dale ko bésub tey jii.
Bi aw doj tegoogul woon ci aw doj, ci
tabaxub kër Aji Sax ji,
[16] ku wuti waan ñaar fukki natti pepp,
fukk lay fekk ca sàq ya;
mu wuti ca nalukaay ba juróom fukki natti
biiñ,
fekk fa ñaar fukk.
[17] Maa leen dumaa gàncax gu lax ba
benaat,
ak gu xuur, ak tawub doji yuur ci
mboolem seen liggéeyu loxo,
te taxul ngeen délsi fi man,
kàddug Aji Sax jee.
[18] Seetaatleen seen xel bu baax,
dale ko bésub tey jii,
dale ko ci ñaar fukki fan ak ñeentu juróom
ñeenteelu weer wi,
daleleen ci bés bii fondmaa néegu Aji Sax
ji tegee,
ngeen seetaat seen xel.
[19] Ana am jiwooti ci sàq yi?
Mbaa lennati ci reseñ ak figg?
Mbaa garabi gërënaat ak oliw? Du lenn lu
meññ.
Waaye li ko dale bésub tey jii, maay
barkeel.»

* **2.1** Bés boobu moo mujjoon ci màggalu bési Mbaar yi.

† **2.10** Mu yemook ñetti weer gannaaw ndoortel tabaxu kër Yàlla ga.

### *Ab dige ñeel na Sorobabel*

20 Kàddug Aji Sax ji nag dikkaat Ase,
yemook ñaar fukki fan ak ñeent ci weer wi.
Mu ne:
21 «Waxal Sorobabel‡, boroom Yuda, ne ko:
Maa ngii di yëngalsi asamaan ak suuf.
22 Maay jàllarbi ngànguney nguur yi,
nasaxal dooley nguuri yéefar yi,
jàllarbi watiir ak ay dawalkatam,
fas yeek seeni gawar nërmeelu,
ku nekk saamaru mbokkam faat ko.
23 Bésub keroog,
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi,
maa lay jël, yaw samab jaam, Sorobabel
doomu Selcel,
kàddug Aji Sax jee,
te jaarob torlukaay laa lay def, nde yaw
laa tànn.
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.»

‡ **2.21** ***Sorobabel*** mi soqikoo ci Daawuda moo taxawe buur bi feddali kàddug Aji Sax ja mu noon mooy taxawal nguur gu sax dàkk, ñeel askanu Daawuda. Seetal ci *2.Samiyel* 7.11-16, ak *Macë* 1.12-13.

# Téereb Yonent Yàlla Sàkkaryaa

Yonent Yàlla Sàkkaryaa sasub yonent ak sasu sarxalkat la boole woon, ñeel bànni Israayil, gannaaw ba ñu leen gàddaayloo ñu dem Babilon. Yonent Yàlla Ase la bokkal jamono, te doon ko jàppale ci soññe, ngir àggale kër Yàlla ga. Ci téere bii la Sàkkaryaa xamle ne li waraloon toxalub bànni Israayil ca Babilon mooy seen jëfi bàkkaar. Teewul mu sukkandikoo peeñu yu ko Yàlla baaxe, ba xamal xeet wi ne Yàlla ci boppam moo leen di sopparñi, boole ci indi jamonoy sell ju bees ju dajal àddina sépp.

Pàcc bi njëkk ci téere bi moo indi juróom ñetti peeñuy guddi yu dikkal Sàkkaryaa, teg ci leeral ci mbirum koor.

Ñaareelu pàccu téere bi moo wax lu jëm ci jamono ju yees ji Yàlla di sopparñi Israayil ba mu doon dëkk bu sell dëgg, jamono ju xeeti àddina di jaamusi Yàlla ci Yerusalem. Sàkkaryaa wax na itam ci mbirum sàmm bu mag, di Almasi biy dikk, ngir yilif nguur gu bees gu jàmm ja di mat sëkk.

Ci tënk:

Saar 1—8 Lu jëm ci juróom ñetti peeñu yi dikkal Sàkkaryaa.

Saar 9—11 Ay xibaar a ngii, yu ëmb mbugal ak yaakaar.

Saar 12—14 Lu jëm ci Almasi biy dikk ak ni ñu koy gàntale, ak ndam li Almasi bi di mujje.

### *Waññiku ci Aji Sax ji weesul*

1 Ci juróom ñetteelu weeru ñaareelu atu nguurug Daryus buuru Pers, kàddug Aji Sax ji moo dikkal Yonent Yàlla Sàkkaryaa, doomu Berekya doomu Ido. Mu ne ko:
2 «Aji Sax ji mere na seeni maam mer mu réy.
3 Kon nag waxal askan wi, ne leen Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne: “Dellusileen ci man,” kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi, “kon dinaa dellusi ci yeen.” Aji Sax ji Boroom gàngoori xare yee ko wax.
4 Buleen mel ni seen maam ya yonent yu njëkk ya biraloon ne leen: “Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne: Dëdduleen seeni jikko yu bon ak seeni jëf yu bon.” Te dégluwuñu, faalewuñu ma.» Kàddug Aji Sax jee.
5 «Seeni maam, ana ñu tey? Yonent yi nag, ndax ba fàww lañuy dund?
6 Teewul sama kàdduy artu ak sama dogali yoon ya ma yóbbante woon sama jaam ña, yonent ya, du lépp a dab seeni maam? Ñu dëpp nag daldi ne: “Noonee Aji Sax ji Boroom gàngoor yi nammoona def ak nun, feye nu ko sunuy jikko ak sunuy jëf, noonu la def ak nun.”»

### *Misaal mu jëkk: ay fas aki gawar*

7 Ca ñaar fukki fan ak ñeent, ca fukkeelu weer waak benn, di weeru Sebat, ca ñaareelu atu nguurug Daryus, kàddug Aji Sax ji moo dikkal Yonent Yàlla Sàkkaryaa doomu Berekya doomu Ido. Sàkkaryaa ne:
8 Maa jekki gis, ag guddi, nit ku war fas wu xonq. Moom nag mu ngi taxaw ci biir garabi mirt ci aw xur, li ko féete gannaaw di fas yu xonq ak yu ngëlembu ak yu weex ak seeni gawar.
9 Ma ne: «Ñii lu ñuy wund, Sang bi?» Malaaka miy wax ak man ne ma: «Maa lay won lu ñii di wund.»
10 Waa ja taxaw ca biir garabi mirt ya àddu, daldi ne: «Ñii ñooy ñi Aji Sax ji yebal, ngir ñu wër àddina.»
11 Ci kaw loolu gawar ya àddu, wax ak malaakam Aji Sax ji taxaw ci biir garabi mirt yi. Ñu ne: «Wër nanu biir àddina, ndeke àddina sépp a ngi ci jàmm, ne tekk.»
12 Malaakam Aji Sax ji ne: «Éy Aji Sax ji Boroom gàngoor yi, loo deeti xaar, doo noppee xañ yërmande Yerusalem ak yeneen dëkki Yuda? Juróom ñaar fukki at a ngii yoo leen mere*!»
13 Aji Sax ji nag àddu, wax ak malaaka ma doon wax ak man, kàdduy mas-sawu yu neex.
14 Ca la malaaka ma doon wax ak man, ne ma: «Yéeneel, nga ne: “Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne: Maa fiire

* **1.12** Juróom ñaar fukki at la waa Yuda nekk cig njaam ca Babilon.

Yerusalem, maa fiire Siyoŋ fiiraange ju
réy.
15 Waaye mer mu réy laa mere xeet yii
naagu. As lëf laa meroon, waaye ñoom ñoo
yokk aw ay†.
16 Moo tax Aji Sax ji dafa wax ne:
Yërmande laay dellusee Yerusalem. Sama
kër lees fay tabaxaat." Kàddug Aji Sax jee,
Boroom gàngoor yi. Mu ne: "Buumu
nattukaay dina tàllalu ci kaw Yerusalem."
17 Nanga yéenewaat, nga ne: "Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi dafa wax ne: Samay
dëkk ay walewaat ak alal, te Aji Sax ji
mooy dëfalati Siyoŋ, mooy tànnati
Yerusalem googu."»

# 2

## *Ñaareelu misaal: ay béjjén ak ay tëgg*

1 Ba mu ko defee, ma séentu, gisuma lu
moy ñeenti béjjén*.
2 Ma ne malaaka ma doon wax ak man:
«Béjjén yii nag?» Mu ne ma: «Béjjén yii ñoo
tasaare Yuda ak Israayil ak Yerusalem.»
3 Ci kaw loolu Aji Sax ji won ma ñeenti
tëgg.
4 Ma ne: «Lan la ñii di defsi?» Mu wax
ma, ne ma: «Béjjén yii tasaare Yuda ba
kenn siggeetul, tëgg yii ñoo dikk ngir tiital
leen, ba jàllarbi béjjéni xeet yi jóg song
réewum Yuda, tasaare ko.»

## *Ñetteelu misaal: nit kuy natt Yerusalem*

5 Ma séentu, gisuma lu moy jenn waay ju
yor buumu nattukaay ci loxoom.
6 Ma ne ko: «Foo jëm?» Mu ne ma: «Xanaa
natti Yerusalem, ba xam nu mu yaatoo ak
nu mu gudde.»
7 Fa la malaaka ma doon wax ak man
jekki di dem, meneen malaaka dikk
dajeek moom.
8 Mu ne ko: «Dawal, nga wax xale bu góor
bii ne ko: "Yerusalem lees di dëkke, te tata
wëru ko; ŋàpp lay def, ndax barewaayu nit
ñeek jur gi ci biiram.
9 Te man ci sama bopp," kàddug Aji Sax
jee, "maa koy nekkal tatay sawara ji ko ub
ràpp. Te it maay doon daraja ji ci biiram."
10 Éey, éey yeen, dawleen génne réewum
bëj-gànnaar,»
kàddug Aji Sax jee.
«Ni ñeenti ngelawi asamaan tasaaroo, ni
laa leen tasaaree.»
Kàddug Aji Sax jee.

11 «Éy Siyoŋ, rëccal,
yaw mi dëkke janq Babilon mu taaru mi.»
12 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi déy dafa
wax, moom mi ma yebal ngir teddaayam,
ci mbirum xeet yi leen sëxëtoo woon,
nee: «Képp ku leen laal kat, laal na sama
reeni xol.
13 Maa ngii déy di xàcc sama loxo ci seen
kaw,
te ñoom la seeni jaam di sëxëtooji.»
Kon dingeen xam ne Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi moo ma yebal.
14 «Sarxolleel te bànneexu, yaw janq Siyoŋ
mu taaru,
nde maa ngii di dikk, màkkaanoo fi sa biir.»
Kàddug Aji Sax jee.
15 «Bésub keroog la xeet yu bare di taqook
Aji Sax ji,
ba doon sama ñoñ, ma màkkaanoo fi sa
biir.»
Kon nga xam ne Aji Sax ji Boroom gàngoor
yi moo ma yebal ci yaw.
16 Aji Sax jeey séddoo Yuda, muy wàllam ci
suuf su sell si,
te mooy tànnati Yerusalem.
17 Na wépp suux ne cell fi kanam Aji Sax ji,
ma ngoogu sàqee fa màkkaanam mu sell
ma.

# 3

## *Ñeenteelu misaal: Yosuwe am na col gu yees*

1 Gannaaw gi, Aji Sax ji won ma Yosuwe
sarxalkat bu mag ba, mu taxaw fa kanam
malaakam Aji Sax ji, Tuumaalkat bi taxaw
féete ko ndijoor, ngir tuumaal ko.
2 Aji Sax ji ne Tuumaalkat bi: «Aji Sax ji
rëbb na la, yaw Tuumaalkat bi, Aji Sax ji
tànn Yerusalem rëbb na la. Xanaa Yosuwe
mii du lenn lu moy gillit wu ñu fëkke cib
taal?»
3 Yosuwee ngi sol yére yu dand, taxaw fi
kanam malaaka mi.
4 Malaaka ma wax ak ña taxaw fa
kanamam ne leen: «Summileen yéreem yu
dand yi.» Mu teg ca ne Yosuwe: «Dama ne,

† **1.15** Xeet yooyu ñoo tegoon Yuda nootaange gu jéggi dayo, ba raw la leen Yàlla naraloon.
* **2.1** ***béjjén,*** ñaare doole lay taxawe.

far naa sa bàkkaar, te dinaa la solal lu jekk.»
5 Ma daldi ne: «Nañu teg kaala gu set ci
boppam.» Ñu tegal ko kaala gu set ci boppam, solal ko yeneen yére. Malaakam Aji Sax jaa nga taxaw.
6 Malaakam Aji Sax ji nag dénk Yosuwe ne ko:
7 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne: Su fekkee ne samay yoon ngay awe te sama ndénkaane nga sàmm, su boobaa yaw it dinga saytu sama kër, di sàmm samay ëtt. Te maa lay jox ay cér yu la yaatal ci biir ñii fi taxaw.
8 Déglul bu baax, yaw Yosuwe sarxalkat bu mag bi,
yaak sa xarit yi toog fi sa kanam
te taxawe ab tegtal,
nde maa ngii di indi samab jaam, ki ñuy wax Njebbit li*.
9 Doj waa ngii ma teg fi kanam Yosuwe,
te wenn doj wi, juróom ñaari gët a ngi ci kawam.
Maa ngii di ci ñaas mbind mi ci war,»
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi,
«te maay far bàkkaaru réew mii ci benn bés.
10 Bésub keroog,»
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi,
«ku nekk ci yeen ay woo moroom ma
ci ker garabu reseñam, ak ker garabu figgam.»

# 4

## *Juróomeelu misaal: ay tegukaayi làmp ak garabi oliw*

1 Ba loolu amee malaaka ma doon wax
ak man délsi, yee ma, mel ni ku ñu yee ciy nelaw.
2 Mu ne ma: «Loo gis?» Ma ne: «Damaa
xool, gisuma lu moy ab tegukaayu làmp bu lépp di wurus ak kopp bu tege ci kawam ak juróom ñaari làmp ci kawam, bu ci nekk ak juróom ñaari gémmiñam ca kaw.
3 Ak ñaari garabi oliw ca wet ga: genn ca
ndijooru kopp ba, ga ca des ca càmmoñam.»
4 Ma dellu wax ak malaaka ma doon
wax ak man, ne ko: «Yëf yii nag, lu muy wund, Sang bi?»
5 Malaaka ma doon wax ak man ne ma:
«Xamuloo lu yëf yii di wund?» Ma ne ko: «Déedéet, Sang bi.»
6 Mu wax ma ne ma: «Lii moo di kàddug
Aji Sax ji dikkal Sorobabel, di wax ne:
Du cig njàmbaar, du ci doole,
ci samag noo la.
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.»
7 Yaa di kan, yaw tund wu mag wi?
Boo janook Sorobabel*, maase, dig joor,
te mooy génne ci yaw doju mujjantal wi,
riir ma jolli, ñu naan: «Aw yiw ñeel na ko!
Aw yiw ñeel na wii doj!»
8 Kàddug Aji Sax ji dikkalati ma, ne ma:
9 «Loxol Sorobabel a teg fondmaa kër gii,
loxoom a koy sottali itam,»
ngeen daldi xam ne Aji Sax ji Boroom gàngoor yi moo ma yónni ci yeen.
10 Ana kuy xeeb bés bii lu tuut sottee?
Nañu bége kay buumu betteex bi ñu gis ci loxol Sorobabel!

«Juróom ñaar yii nag gëti Aji Sax jee,
ñoom ñooy wër àddina sépp.»
11 Ma dellu ne ko: «Ñaari garabi oliw yii
nag, genn gi ci ndijooru tegukaayu làmp bi, gi ci des ci càmmoñam, lu ñuy wund?»
12 Ci kaw loolu ma dellooti ne ko: «Ñaari
cari oliw yi feggook ñaari solomi wurus yiy xelli diw nag, lu ñuy wund?»
13 Mu ne ma: «Xamuloo lu yooyuy
wund?» Ma ne ko: «Déedéet, Sang bi!»
14 Mu ne ma: «Ñooñu ñoo di ñaar ñi ñu
diw, fal leen, ngir ñu liggéeyal Boroom àddina sépp.»

# 5

## *Juróom benneelu misaal: téere bu ñu taxañ buy naaw*

1 Ci kaw loolu ma dellu séentu, gisuma lu
moy téere bu ñu taxañ buy naaw.
2 Malaaka mi ne ma: «Loo gis?» Ma ne:
«Téere bu ñu taxañ buy naaw laa gis,
guddaay bi di ñaar fukki xasab,
yaatuwaay bi di fukki xasab.»

* **3.8 *Njebbit li:*** ndombol tànk la bu Almasi jagoo. Seetal ci *Yeremi* 23.5-6; *Sàkkaryaa* 3.8.
* **4.7 *Sorobabel*** mu ngi soqikoo ci Buur Daawuda. Mooy kàngam la jiite woon mbooloo ma jóge woon ca njaam ga ca Babilon.

3 Mu ne ma: «Lii mooy alkute giy wàccsi
ci kaw réew mi mépp. Li téere bi wax ci
genn wetam mooy képp kuy sàcc, dees na
ko fi dàqe, te li mu wax ci wetam gi ci des
mooy képp kuy giñ ci ay fen, dees na ko fi
dàqe.
4 Maay wàcce alkute gi,» kàddug Aji Sax ji
Boroom gàngoor yee, «mu dugg ba ci biir
kër sàcc bi, ak kër nit kiy giñe sama tur ay
fen; ci biir kër gi la alkute giy fanaan, ba
raafal banti kër gi aki dojam.»

### *Juróom ñaareelu misaal: ndab lu jigéen toog ca biir*

5 Ci kaw loolu malaaka ma doon wax ak
man dikk ne ma: «Séentul rekk ba gis lii di
dikk.»
6 Ma ne: «Lu mu doon?» Mu ne: «Ndabal
nattukaay beey génn.» Mu tegaat ca ne:
«Lii mooy seen bàkkaar ci biir réew mi
mépp.»
7 Ci biir loolu kubeeru betteex ga ca kaw
ndab la jekki yékkatiku, ndeke jenn jigéen a
nga toog ca biir ndab la.
8 Mu ne: «Jigéen jii mooy mbon,» daldi
koy bëmëx ca biir ndab la, fél kubeeru
betteex ga, ubaat ndab la.
9 Ba loolu amee ma séentu, yem ci ñaari
jigéen ñuy dikk, ngelaw li wal seeni laaf.
Laaf yu mel ni laafi xodd lañu am. Ñu
daldi yékkati ndabal nattukaay la, ba ca
diggante asamaan ak suuf.
10 Ma ne malaaka ma doon wax ak man:
«Ana fu ñii jëme ndabal nattukaay bi?»
11 Mu ne ma: «Ag kër lañu koy tabaxali
ca réewum Sineyaar. Bu noppee, fa lañu
koy teg, ca kaw tegukaayam.»

## 6

### *Juróom ñetteelu misaal: ay watiiri xare*

1 Ma dellu séentu, yem ci ñeenti watiir
yuy dikk diggante ñaari tund. Tund yi nag
di tundi xànjar.
2 Watiir bu njëkk bi, fas yu xonq a ko
takk, ñaareelu watiir bi, fas yu ñuul a ko
takk,
3 ñetteelu watiir bi, fas yu weex a ko
takk, ñeenteelu watiir bi, fas yu tippantee
ko takk, te fas yépp di yu am kàttan.
4 Ma ne malaaka ma doon wax ak man:
«Sang bi, watiir yii lu ñuy wund?»
5 Malaaka mi ne ma: «Ñii ñooy ñeenti
ngelawi asamaan yi génne fa ñu teewe
woon fa kanam Boroom àddina sépp.»
6 Bi fas yu ñuul yi takk, réewum
bëj-gànnaar la jëm; bi fas yu weex yi takk
topp seen gannaaw; fas yu tippante yi
nag, réewum bëj-saalum* lañu jëm.
7 Fas yu am kàttan yooyu yépp nag génn,
yàkkamtee wëri àddina. Aji Sax ji ne leen:
«Demleen wëri àddina.» Ñu daldi dem, wëri
àddina.
8 Ci kaw loolu mu àddu ca kaw, ne ma:
«Xoolal, ñi jëm réewum bëj-gànnaar, samag
noo lañuy sànni ca kaw réewum
bëj-gànnaar.»

### *Fal nañu buur sarxalkat bu mag bi*

9 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji dikkal
ma, ne ma:
10 «Yóbbalub Elday ak Tobya ak Yedaya,
ñi ñu gàddaayloo woon, nanga dem jëli ko
bésub tey jii, ca kër Yosya doomu Sofoni, fa
ñooñu jóge Babilon, dal.
11 Jëlal yóbbal boobu, di wurus wi ak
xaalis bi, nga sàkk ci mbaxanam buur, te
teg ko ci kaw boppu sarxalkat bu mag bi†,
Yosuwe doomu Yoccadag.
12 Nga wax ko ne ko: "Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi dafa wax ne:
Nit a ngi nii, Njebbit‡ la tudd,
ci bérebam lay jebbee,
ba tabaxi kër Aji Sax ji.
13 Mooy tabax kër Aji Sax ji
te mooy soloo daraja,
mooy toog, di jiite cib jalam,
di sarxalkat bi cib jalam,
te mébétu jàmm mooy dox diggante ñaari
ndomboy tànk yooyu mu sasoo."
14 Mbaxanam buur mi baaxantal lay doon
ci biir kër Aji Sax ji, ñu di ko fàttalikoo
Elday§ ak Tobya ak Yedaya ak mbaaxug
Yosya doomu Sofoni.

* **6.6** Bëj-saalum ak bëj-gànnaar ñaare ñooy wet yi nooni Israayil féete woon. † **6.11** Liggéeyu carxal ak nguur, ñaari sas yooyu, ci yoon, du woon lees di boole yor ci Israayil. ‡ **6.12** ***Njebbit,*** ndombol tànk la bu Almasi jagoo. Seetal ci *Yeremi* 23.5-6; *Sàkkaryaa* 3.8. § **6.14** ***Elday*** man naa doon Elem itam.

15 Ñu sore ñooy dikk tabaxsi kër Aji Sax ji,
ba ngeen xam ne Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi moo ma yebal ci yeen. Loolu
mooy am, ndegam déggal ngeen ba déggal
seen kàddug Yàlla Aji Sax ji.»

# 7

### *Leeraange ci mbirum koor dikk na*

1 Ci ñeenteelu atu nguuru Daryus, ci
ñeenti fani juróom ñeenteelu weer wi, di
weeru Kislew, kàddug Aji Sax ji moo dikkal
Sàkkaryaa.
2 Fekk na Betel Sarecer kàngamu buur
aki nitam yónnee ngir dagaansi Aji Sax ji.
3 Ñu wax ak sarxalkati kër Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi ak yonent yi, ne leen:
«Ndax danoo wara wéye jooy ak di woor ci
weeru juróomeel, ni nu ko baaxoo at yii
yépp?»
4 Ba mu ko defee kàddug Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi dikkal ma, ne ma:
5 «Waxal askanu réew mi mépp ak
sarxalkat yi, nga ne leen: "Ba ngeen dee
woor aka ñaawlu ci weeru juróomeel ak
weeru juróom ñaareel, ci diiru juróom ñaar
fukki at yii, ndax man mii ngeen doon
wooral a wooral?
6 Te su ngeen lekkee ak su ngeen
naanee, xanaa du seen bopp ngeen lekkal
aka naanal?"
7 Xanaa du yii kàddu la Aji Sax ji
biraloon ci jottalib yonent yu njëkk ya,
jant ya waa Yerusalem ak dëkk ya ko wër
nekkee ci jàmm, te diiwaani Negew ak
suufu tund ya am ñu ko dëkke?»
8 Gannaaw gi, kàddug Aji Sax ji dellu
dikkal ma, man Sàkkaryaa, ne ma:
9 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax
ne: Àtteb dëgg, nangeen ko àttee, te ngor ak
yërmande it, deeleen ko jëflantee.
10 Ab jëtun ak ab jirim ak ab doxandéem
ak ab néew-doole, buleen ko noot. Lu bon
it, buleen ko mébétalante ci seen xol.»
11 Teewul ñu baña déglu, të ticc, fatt
seeni nopp, ngir baña dégg.
12 Seen bopp lañu dëgëral niw doj, ba
faaleetuñu ndigalu yoon wi ak kàddu yi Aji
Sax ji Boroom gàngoor yi yónnee ag
noowam, ci jottalib yonent yu njëkk ya.
Muy sànj mu réy nag, bawoo fa Aji Sax ji
Boroom gàngoor yi.
13 «Ba ma wootee,» Aji Sax ji Boroom
gàngoor yee ko wax, «wuyuwuñu; moo tax
ba ñu wootee, wuyuwuma.
14 Maa leen tasaare ni callweer ci biir
mboolem xeet yu ñu xamul woon, réew mi
gental seen gannaaw, ba kenn jaareetu fi
di dem aka délsi. Nii lañuy gentale réew
mu bakkane.»

# 8

### *Barke wuutu na alkànde*

1 Ba loolu amee kàddug Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi dellu dikk, ne:
2 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Maa fiire Siyoŋ fiiraange ju réy,
am sànj mu réy laa koy fiiree.»

3 Aji Sax ji dafa wax ne:
«Maay dellu Siyoŋ,
Yerusalem googu laay màkkaanoo,
ba ñuy woowe Yerusalem dëkkub Ngor,
foofu di tundu Aji Sax ji Boroom gàngoor
yi,
lees di woowe tundu Cellte.»

4 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Mag ñu góor ñeek ñu jigéen ñeey dellu
tooge pénci Yerusalem,
ku ci nekk di doxe bant ndax at yu bare.
5 Pénci dëkk bi, ay gone lay feese,
góor ak jigéen, di fowe ca pénc ya.»

6 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Su loolu dee kawtéef ci gis-gisu ndesu
askan wi ci yooyu jant,
ndax tax na muy kawtéef ci sama gis-gis
itam?»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.

7 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Maa ngii di walloo sama ñoñ
fa réewum penku, ak réewum sowub jant.
8 Maa leen di indi,
ñu màkkaanoo ci digg Yerusalem,
di sama ñoñ, may seen Yàlla, ci biir ngor ak
njub.»

9 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
«Yeen ñi dégg kàddu yii tey
ci gémmiñu yonent yi fekke woon,

ba ñuy teg fondmaa kër Aji Sax ji Boroom gàngoor yi,
ngir tabaxaat kër gi,
nangeen góor-góorlu.
10 Ndax lu jiitu fan yooyu, nit feyeekuwul peyoor,
te mala it indilul nit peyoor,
kuy dem ak kuy dikk amul woon jàmm cib noon,
nde maa xabtaloon ku nekk ci kaw moroomam.
11 Waaye léegi du na woon laay def
ak ndesu askan wii.»
Kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
12 «Ndax jiwum jàmm lay doon,
garabu reseñ meññ doomam,
suuf si meññ gàncaxam,
asamaan di lay.
Loolu lépp laay sédd ndesu askan wii.
13 Na ngeen doone woon alkànde ci biir xeet yi,
yeen waa kër Yuda ak waa kër Israayil,
ni laa leen di walloo, ba ngeen doon buntu barke.
Buleen ragal. Góor-góorluleen.»
14 Ndax Aji Sax ji Boroom gàngoor yi déy dafa wax ne:
«Na ma leen nammoona mbugale
te delluwuma ci gannaaw,
ba ma seeni maam merloo,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
15 «ni laa nammatee baaxe ci janti tey jii
Yerusalem ak waa kër Yuda.
Kon buleen ragal.

16 «Ndigal yii, nangeen ko jëfe:
Deeleen waxante dëgg,
te dëgg ak yoon, nangeen ko àttee àtteb jàmm
ci seen ëtti àttekaay.
17 Ku nekk ci yeen, loraangey moroomam,
bumu ko mébét cib xolam,
te kàddug ngiñ ci ay fen, buleen ko safoo,
nde loolu lépp laa bañ.»
Kàddug Aji Sax jee.

### *Mbég wuutu na koor*

18 Kàddug Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dellu ma dikkal ne ma:
19 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Muy koorug weeru ñeenteel, di koorug weeru juróomeel,
ak koorug weeru juróom ñaareel, ak koorug weeru fukkeel*,
lépp janti mbég ak bànneex,
ak bési ndaje yu rafet lay nekkal waa kër Yuda.
Waaye dëgg ak jàmm, soppleen ko.

20 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Ay askan ñooy dikkati, di waa dëkk yu bare,
21 waa dëkk bii dem ne dëkk bee:
“Nan dem a dem dagaani Aji Sax ji,
nan jaamuji Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.”
Ñu ne leen: “Nun it kay, nu ngi dem.”
22 Askan yu bare ak xeet yu am doole ñooy dikk,
di jaamusi Aji Sax ji Boroom gàngoor yi ci Yerusalem,
di dagaansi Aji Sax ji.

23 «Aji Sax ji Boroom gàngoor yi dafa wax ne:
Janti keroog yooyu, fukk ñuy làkk
mboolem làkki xeet yi,
ñooy langaamoo catu mbubbu benn Yawut, naan ko:
“Nun, yeen lanuy àndal,
nde noo dégg ne Yàllaa ngeek yeen.”»

# 9

### *Mbugal mu mucc topp, dal na askani diiwaan bi*

1 Yéeneb kàddug Aji Sax jii moo rot
ci kaw réewum Adarag*,
ba dali ca kaw Damaas.
Du ci mboolem giiri Israayil rekk la Aji Sax ji ne jàkk bëtam,
waaye doom aadama yépp la ne jàkk.
2 Kàddu gi dal na itam Amat ga digalook Damaas,
dal Tir ak Sidon, ak la ñuy muus lépp.
3 Tir moo tabaxal boppam tata,
moo dajale xaalis ni feppi suuf,
ak wurus wu ne xas ni donji banu mbedd.

* **8.19** Bési koor yooyu ba bànni Israayil nekkee ci njaam ca Babilon lañu ko daan sàmme, di ko ñaawloo seen jaar-jaar yu metti. * **9.1** ***Adarag,*** ci diiwaanu Siri la nekk, mook dëkk yi ci aaya 1 ba 8 (9.1-8) ñoo dale bëj-gànnaaru Israayil ba ci bëj-saalum ba te nekk ci tefesu géej gu mag ga. Seetal ci *Màndiŋ ma* 34.5-6.

4 Ndeke Aji Sax ji moo koy moom,
xalab alalam biir géej,
te sawaraa koy xoyom.
5 Askalon moo koy gis, tiit;
Gasa gis ko, jàq njàqare lu réy,
mook Ekkron it ndax yaakaar ju tas.
Gasa la buur bay réere,
Askalon ñàkk ku ko dëkke.
6 Xeet wu raxe mooy sanci Asdodd,
te maay sàggi sagub Filisteen ñi.
7 Ci seen gémmiñ laay foqatee deret ji ñuy lekk,
yàbbiloo leen seen ñam yu seexluwu yi ñu ŋank.
Seenu ndes it dina ma def seen Yàlla,
mel nig làng ci giirug Yuda,
Ekkron it ci sama ñoñ lay bokk ni Yebuseen ñi†.
8 Maay taxaw wattu fi wër sama kër,
aar ko ci ñiy dem aka dikk,
ba boroom doole dootul noot sama waa kër,
nde léegi samay gët laa leen ne jàkk.

### *Buur Almasi dikk na*

9 Bégal a bég, janq Siyoŋ mu taaru,
janq Yerusalem mu taaru laa ne:
Xaacul, niir, sa buur a la dikkal nii,
moo jub te am ndam,
te teewu koo woyof, war mbaam,
cumbur, doomu mbaam-sëf.
10 Maay sànke watiiru xare ci diiwaanu Efrayim,
sànke fasu xare fi Yerusalem,
ay fitti xare damm,
muy wax xeet yi jàmm,
kilifteefam dale géej ba géej,
dale dexu Efraat ba ca cati àddina.

### *Aji Sax ji mooy xeexal ñoñam*

11 Yaw nag, deret ji feddali sama kóllëreek yaw,
ci laay seet ba yiwi sa nit ñi ñu tëj
biir kàmb gu ndox amul.
12 Yeen ñi ñu tëj, ngeen di dunde yaakaar,
delluleen ca tata ja.
Bésub tey jii sax maa dogu ne
ñaari yoon laa leen di yool.
13 Yuda déy laay bank, muy samag xala,
te Efrayim laa koy soxe, muy fitt gi.
Yaw Siyoŋ, sa doom yu góor laay yékkati
ci sa kaw doom yu góor, yaw réewum Geres.
Doomi Siyoŋ laay def saamaru jàmbaar.
14 Su boobaa Aji Sax jeey feeñ fi leen tiim,
ag fittam tàkk nig melax.
Bufta bi la Boroom bi Aji Sax ji di wal,
ànd ak ngëléni bëj-saalum, dikk.
15 Aji Sax ji Boroom gàngoor yi mooy aar ñoñam,
ñuy falaxe, di joggati doji mbaq,
di naan aka xaacu ni ñu màndi.
Ni ndabi deretu juru sarax di feese,
ni lañuy feese ak deretu noon yi,
taq ci ripp ni cati sarxalukaay ba.
16 Bésub keroog seen Yàlla Aji Sax ji
mooy sàmm ñoñam nig jur,
ñuy lerxat cim réewam
ni peri gànjar di ray-rayee ci mbaxanam buur.
17 Ndaw bànneex akub taar ca ñoom!
Pepp yafal xalelu góor,
biiñ bu bees naatal yaramu janq.

# 10

### *Xërëm, neen la*

1 Bu suuf maree, ñaanal Aji Sax ji ab taw,
Aji Sax ji mooy sàkk ay xàmbaar,
sóobal nit ab taw,
saxalal ku ne am ñax ci àll bi.
2 Xërëm, waxi neen,
gisaanekat gisi fen,
seeni gént, nari neen,
te caaxaani neen lañuy dalalee.
Moo tax mbooloo mii di taxawaalu niy xar,
tumurànke ndax ñàkkub sàmm.

### *Yiwiku ñeelati na Israayil*

3 «Sàmm yi la sama mer tàkkal,
ñoom sikket yooyu laay dikke mbugal.
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi kat mooy taxawu kërug Yuda, géttam,
te moo leen di def aw fasam wu am daraja, ngir xare.
4 Fa Yuda la doju koñu tabax di bawoo,
jënu xayma, fa moom,
fittu xare, fa moom,
mboolem njiit yi ba ñépp daj, fa moom.
5 Ni ñeyi xare lañuy mel,
di joggati banu mbedd mi ci biir xeex bi.

† **9.7 *Yebuseen ñi*** ñoo dëkkoon Yerusalem lu jiitu te mujj bokk ci Israayil. Seetal ci *Yosuwe* 15.63.

Noonu lañuy xaree, nde ñoom la Aji Sax jiy àndal,
ñuy toroxal gawar yi.
6 Maay jàmbaaral waa kër Yuda,
maay wallu waa kër Yuusufa,
suqali leen, ñeewante leen,
ñu mel ni masuma leena xarab,
nde man maay seen Yàlla Aji Sax ji,
te maa leen di nangul.
7 Waa Efrayim ni ñeyi xare lañuy mel,
seen xol neexe ni bànneexu biiñ,
seeni doom gis ko, bég,
seenub xol di bànneexoo Aji Sax ji.
8 Maay waliis, dajale leen,
nde maa leen di jot,
ñu bareeti na ñu baree woon.
9 Fi biir xeet yi laa leen saawi,
waaye fa béreb yu sore ya lañu may fàttalikoo,
di fa dund ñook seeni doom,
ba keroog ñuy délsi.
10 Fa réewum Misra laa leen di waññee,
te fa Asiri laa leen di dajalee,
yóbbu leen réewum Galàdd ak Libaŋ,
te deesu fa gis fu ñu xaj.
11 Maay jàll géeju njàqare ga,
dal ca gannax ya,
mboolem xóotey dexu Niil wow,
sagub Asiri sàggiku,
nguurug Misra foq.
12 Ci Aji Sax ji laa leen di jàmbaarale,
ciw turam lañuy daagoo.»
Kàddug Aji Sax jee!

# 11

1 Libaŋéey, ubbil say bunt,
sawara xoyom sa garabi seedar.
2 Yaw garabu sippar, yuuxul,
garabu seedar daanu na,
garab yu darajawu rajaxoo na.
Yeen garabi seen ya ca Basan, jooyooleen,
nde gott bu fatt baa sëngéem.
3 Jooyi sàmm ya jib na,
seen daraja réer na,
ŋari gaynde ya it jolli na,
nde gajjug tàkkal Yurdan a tas.

### *Sàmm bu baax jotul yoolam*

4 Aji Sax ji sama Yàlla dafa wax ne:
«Sàmmal gétt gi ñuy rendiji.
5 Ñi leen jënd di leen rendi,
te jàpp ne yoon toppu leen ci;
ñi leen jaay naan: “Sant Aji Sax ji, woomle nanu,”
gétt gi la seeni sàmm yërëmul.
6 Dootuma yërëm waa réew mi déy.»
Kàddug Aji Sax jee!
«Maa ngii di teg doom aadama yi,
ku nekk ci loxol moroomam ak ci loxol buuram,
ñu noot réew mi, te duma leen xettali ci seen loxo.»
7 Ba loolu amee may sàmm xar yi
teefonke yi nara rendiluji, rawatina ñi
gëna sonn ci gétt gi. Ca laa jël ñaari yeti
sàmm. Benn bi ma tudde ko Xejjoo, bi ci
des ma tudde ko Bennoo. Ci kaw loolu
may sàmm gétt gi.
8 Gannaaw gi, ñetti sàmm laa dàq ci
wenn weer. Ci kaw loolu ma doyal ci xar
yi, ñoom it, ma génnliku leen.
9 Ma ne gétt gi: «Dootuma leen sàmm. Na
ñiy dee, dee; ñiy sànku, sànku; ñi dese
bakkan yàppante ci seen biir.»
10 Ba mu ko defee ma jël sama wenn yet
wi, Xejjoo, damm ko, ngir doge ko sama
kóllëre gi ma fasoo woon ak askan yépp.
11 Bésub keroog la kóllëre ga dog,
teefonke yi may xool daldi xam ne loolu
kàddug Aji Sax ji la.
12 Gannaaw loolu ma ne leen: «Su leen
neexee, joxleen ma sama peyoor, su leen
neexul, téyeleen ko.» Ñu wañ̃ñ fanweeri
dogi xaalis, feye ma.
13 Aji Sax ji ne ma: «Ndaw njëg gu réy gu
ma leen jaral waay! Sànni ko ca boroom
njaq ya.» Ma jël fanweeri dogi xaalis ya*,
sànni ko boroom njaq ya, ca kër Aji Sax ji.
14 La ca tegu ma damm sama ñaareelu
yetu sàmm ba, Bennoo, ngir dog bokk gi
dox diggante Yuda ak Israayil.
15 Aji Sax ji nag neeti ma: «Léegi jëlal
jumtukaayu sàmm bu ñàkk bopp.
16 Maa ngi nii kat di taxawal ab sàmm ci
réew mi. Lu ci réer, faalewu ko; lu ci lajj,
du ko seet, lu ci gaañu, du ko faj, lu ci wér
du ko xont, te lu ci duuf, mu yàpp, ba toj
seeni we.
17 Wóoy bii yambarub sàmm

* **11.13** Mooy ndàmpaay li ñuy fey sang bu ñu gaañ jaamam. Seetal ci *Mucc ga* 21.32.

buy wacci gàttam.
Yal na saamar làggal loxoom,
fuq bëtu ndijooram.
Yal na loxoom lax ne làcc,
bëtu ndijooram giim ba gëmm fatuus.»

# 12

## *Yerusalem yiwiku na*

1 Ab yéenee ngii, di kàddug Aji Sax ju
dikkal Israayil.

Kàddug Aji Sax jee, ki firi asamaan, lal
suuf, te bind noowug doom aadama
ci biir doom aadama.
2 Mu ne: «Maa ngii di waaja def Yerusalem,
muy ndabal sànj luy màndee, ñeel
mboolem xeet yi ko wër, te kera bu ñuy
gaw Yerusalem, Yuda gépp ca lay bokk.
3 Bésub keroog maay def Yerusalem di doj
wu diis gann ci xeet yépp. Képp ku ko
jéema yëngal, da ciy gaañoo gaañu rekk. Te
xeeti àddina yépp ay daje ci kawam.
4 Su keroogee,» kàddug Aji Sax jee,
«ngëlëmte laay dumaa wépp fas, te ag ndof
laay dumaa gawaram. Kër Yuda nag laa
naan jàkk samay gët, te ag cilmaxa laay
dumaa wépp fasu xeet yi.
5 Su ko defee njiiti Yuda ci seen xol lañu
naa: “Waa Yerusalem, sunu doolee ngi ci
sunu Yàlla, Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.”
6 «Bésub keroog maay def njiiti Yuda mel
ni ab taal bu jafal jalu matt, mbaa jum bu
ñu jafal ci sabaaru pepp; wetu ndijoor ak
wetu càmmoñ lañuy xoyome mboolem
xeet yi leen wër, te Yerusalem toog
bérebam, di Yerusalem ba tey.
7 «Aji Sax ji Yuda lay njëkka wallu, ndax
darajay waa kër Daawuda ak darajay waa
Yerusalem baña màgg ba ëpple Yuda.
8 Bésub keroog Aji Sax jeey doon
kiiraayal waa Yerusalem. Ñi gëna néew
doole ci ñoom sax ñook Daawudaay tolloo
doole, waa kër Daawuda jiite leen ni Yàlla,
ni malaakam Aji Sax ji.

## *Ñaawlu dikkal na réew mépp*

9 «Su bés baa laay tàmbalee faagaagal
mboolem xeet yiy songsi Yerusalem.
10 Bu loolu amee maay sottil waa kër
Daawuda ak waa Yerusalem, noowug yiw
aki dagaan, ba ñu geesu ma man mi ñu
jam ba mu sar, te dinañu ko jooy ni ñuy
jooye benn bàjjo, di ko naqarlu ni ñuy
naqarloo deewug taaw.
11 Su bés baa yuuxi dëj yu réy ay jibe fi
Yerusalem, mel ni yuuxi dëj ya ca Adàdd
Rimon* ca jooru Megido.
12 Waa réew meey jooy seenub dëj, làng
gu nekk beru ñoomu neen. Làngu kër
Daawuda di ñoomu neen, seeni jabar di
ñoomu neen; làngu kër Natan† di ñoomu
neen, seeni jabar it di ñoomu neen.
13 Làngu kër Lewi di ñoomu neen, seeni
jabar di ñoomu neen; làngu Simey‡ di
ñoomu neen, seeni jabar di ñoomu neen.
14 Mboolem làng yi ci des it, làng gu ci
nekk di ñoomu neen, seeni jabar di ñoomu
neen.

# 13

## *Ay tuur ak yonenti caaxaan day jeex*

1 «Bésub keroog bëtu ndox dina bënnal
kër Daawuda ak waa Yerusalem, ngir setal
bàkkaar ak sobe.
2 «Bésub keroog,» kàddug Aji Sax jee,
Boroom gàngoor yi, «dàkkentali xërëm laay
jële ci réew mi, ba deesatu leen fàttaliku.
Yonent yeek xelum xërëmtu it, maa koy
tukkal ci réew mi.
3 Te képp kuy biralati kàdduy waxyu, ay
waajuram, baayam ak ndeyam nañu ko
wax ne ko: “Doo dese bakkan, ndax yaa
fen ci turu Aji Sax ji.” Ay waajuram,
baayam ak ndeyam nañu ko jam ba mu
dee, ca ba muy biral kàdduy waxyu.
4 «Su bés baa, bépp yonent buy biral
kàdduy waxyu, kersa lay am ci am
peeñoom. Kenn du sol ni yonent yi, yérey
der yu ànd ak kawaram, ngir di naxe.
5 Kenn ku ne da naan: “Man de dumab
yonent, beykat laa. Ab surga laa masa
doon ba may ndaw ba tey.”

* **12.11** ***Adàdd Rimon*** mooy fa ñu doon jooye deewug Yosya, buur bu baax ba. Seetal ci *2.Jaar-jaar ya* 35.21-25.
† **12.12** ***Natan,*** kenn la ci doomi Daawuda. Seetal ci *2.Samiyel* 5.14.
‡ **12.13** ***Simey,*** ab sët la ci Lewi. Seetal ci *Mucc ga* 6.16-17.
* **13.6** ***xarit ya:*** li muy tekki mooy tuur yi, ci waxin.

6 Te su ñu ko nee: “Légét yii ci sab dënn
nag?” Da naan: “Lii de ay légét la yu ma
jële ca sama kër xarit ya*.”

### *Kóllëre feddaliku na*

7 «Éey saamar, yewwulal sama sàmm bi,
sama jàmbaar jii ma lëngool,»
kàddug Aji Sax jee, Boroom gàngoor yi.
«Dóoral sàmm bi, xar yi tasaaroo,
ma walbati sama loxo, jublu ci jur gu ndaw gi.
8 Su boobaa ci réew mi mépp,» kàddug Aji Sax jee,
«ñaari xaaj yi lees di dagg, ñu sànku,
ñetteel ba ca des lees fay wacc.
9 Ñetteel bi laay tàbbal ci sawara,
xelli ko ca ni ñuy xellee xaalis,
nattu ko ni ñuy nattoo wurus cib taal.
Xaaj boobu moo may woo ci sama tur,
ma wuyu ko.
Moom laay wax: “Sama ñoñ,”
moom mu ne: “Aji Sax jeey sama Yàlla.”»

## 14

### *Xare bu mujj jib na*

1 Bés a ngii di dikkal Aji Sax ji,
ca lees di séddoo fi seen biir,
alal ju ñu nangoo ci yeen.
2 Xeet yépp laay dajale ci kaw Yerusalem, ngir xare.
Dëkk bi lees di nangu, sëxëtoo kër yi,
tëdde jigéen ñi.
Genn-wàllu dëkk beey génn, gàddaay,
waaye ndesu askan wi, deesu leen jële ci dëkk bi.
3 Su boobaa la Aji Sax jiy génn,
xeex ak yooyu xeet,
ni mu baaxoo xeexe ci bésub xare.
4 Bésub keroog, kaw tundu Oliw ya la tànkam yay sampe,
fa janook Yerusalem, ca penku,
tundu Oliw ya xar ca digg ba,
penku ba sowu, def xur wu yaa,
genn-wàllu tund wa randu, jëm bëj-gànnaar;
genn-wàll ga jëm bëj-saalum.
5 Xur wa ca diggante sama tund ya ngeen di jaare daw,
ndax xur wa ba Accal lay àkki.
Na seeni maam dawe woon ngeen di dawe,
ba suuf sa yëngoo ca janti Osiyas buurub Yuda.
Sama Yàlla Aji Sax ji mooy dikk,
ànd ak mboolem ñu sell ñi.
6 Bésub keroog, dug leer,
dub sedd, te du benn tawub yuur.
7 Benn bésu boppam lay doon
bu Aji Sax ji doŋŋ xam;
du doon bëccëg, du doon guddi,
te bu ngoonee mu leer.
8 Bésub keroog Yerusalem la ndox di wale,
genn-wàll gi jëm géeju penku,
genn-wàll gi, géeju sowu,
te noor ak nawet lay doon.
9 Aji Sax ji mooy doon buuru àddina sépp,
bésub keroog Aji Sax ji di kenn, turam di wenn.

10 Réew mi mépp ag joor lay soppaliku,
dale ko Geba ba Rimon ca bëj-saalumu Yerusalem,
Yerusalem tooge bérebam, tiim la ko wër,
dëkk bi dale ca buntu Beñamin, ba fa bunt ba woon,
jàll ba ca buntu Jàddukaay ba,
daleeti ca tatay Ananel ba ca nalukaayi reseñi buur*.
11 Dees na ko dëkke te deesatu ko faagaagal,
kaaraange la Yerusalem di dëkke.

12 Yii duma la Aji Sax jiy duma
mboolem xeet yi xareek Yerusalem:
seen suux mooy yàqu te ñu ne jonn taxaw,
seeni gët yàqu ca seen biir paxi gët,
seenu làmmiñ nëb ca seen biir gémmiñ.
13 Bésub keroog tiitaange ju réy mooy tukkee ci Aji Sax ji
wàcc ci seen biir;
ku nekk jàpp sa loxol moroom,
ñu songoo.
14 Yuda it day fekksi Yerusalem ci xeex bi,
te dees na dajale alali xeet yi leen wër yépp;
wurus, xaalis ak yére, bare, ne gàññ.
15 Yooyu duma it mooy dal fas
ak berkelleek giléem ak mbaam-sëf
ak lépp luy jur ci biir dal yooyu,

* **14.10** Mboolem Yerusalem, ak ci wetam yépp la aaya bi wax ne mooy tiim diiwaan bi ko wër.

noonu lees di dumaa mala yépp.

16 Su boobaa mboolem ndesu wépp xeet
wu songoon Yerusalem,
Yerusalem lay yéegi at mu ne,
ngir sujjóotali Buur Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi,
tey màggalsi màggalu Mbaar yi.
17 Te gépp làngu kaw suuf gu yéegsiwul ba
Yerusalem,
ngir sujjóotalsi Buur Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi,
googu làng du tawlu.
18 Làngu Misra it, su ñu yéegul ba dikk,
duñu tawlu;
dinañu jot ci duma yi Aji Sax jiy duma
xeet yi yéegul ba màggalsi màggalu Mbaar
yi.
19 Loolooy doon dumay Misra ngir seen
bàkkaar,
di dumay wépp xeet ngir seen bàkkaar
ndax ñàkka yéeg ba màggalsi màggalu
Mbaar yi.
20 Bésub keroog jóolóoliy fas yi sax dees na
ci bind:
«Sell na ñeel Aji Sax ji.»
Te ni ndabi tuurukaay yi fi kanam
sarxalukaay bi selle,
cin yi gëna néew daraja ci biir kër Aji Sax ji
sax, noonu lañu selle.
21 Su boobaa luy cin ci Yerusalem ak Yuda,
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi lees koy
sellalal,
ba mboolem ñi dikk di sarxalsi,
ci lañuy jël, togge.
Te bésub keroog ab jula dootul am ci biir
kër Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.

# Téereb Yonent Yàlla
# Malasi

Gannaaw ba Yawut ya bàyyikoo Babilon ga ñu leen toxaloon ba ñibbisi seenum réew, tabax nañu kër Yàlla ga, ba yeesal liggéeyu sarxalkat yi. Mu mel ni lépp a ngi doon dox ni mu ware. Waaye gannaaw ba ay maas yu néew jàllee, yawut yu baree mujj sàggane seen ngëm. Sarxalkat yi sax dañoo mujj yàqu ci ger, boole ci sofental seeni sas. Ci diggante boobu Yawut yi mujjee yoqi, bàyyeeku ba seen ngëm giim. Ci la yonent Yàlla Malasi yékkatee kàdduy waxyu yu sikk xeet wi ndax seenug jaamu Yàlla gu dëgguwul, ak seen ñàkka joxe asaka su mat sëkk, ak seen ñàkka faale ndigali Yàlla yi. Malasi yemul rekk ci tiiñal leen ndax seenug déggadi, waaye da cee boole fàttali leen yool yu réy yu ñuy am, su dee déggal nañu Yàlla. Malasi boole ci di yégle ne yonent Yàlla Ilyaas mu ngi ñëw, ngir waajal aw yoon, ñeel bésub Sang bi dëgmal. Ci tënk, Aji Sax ji yóbbante na juróom benni yéeneb waxyu:

- 1.1-5 Cofeelu Aji Sax ji kóllëreem la laloo.
- 1.6—2.9 Aji Sax ji tiiñal na sarxalkat yi.
- 2.10-16 Aji Sax ji du nangu saraxi workat yi.
- 2.17—3.5 Aji Sax ji, dëgg lay àtteji.
- 3.6-12 Waññiku jëm ci Aji Sax ji moo war.
- 3.13-24 Aji Sax ji dina fésal njubteg àtteem.

### *Ubbite gi*

1 Yéeneb kàddug Aji Sax jii moo ñeel
Israayil, ci jottalib Malasi.

### *Cofeelu Aji Sax ji kóllëreem la laloo*

2 Aji Sax ji nee: «Dama leena sopp,»
yeen ngeen ne: «Ana noo nu soppe?»
Mu ne: «Xanaa Esawu du seexu Yanqóoba?»
Kàddug Aji Sax jee.
«Moona Yanqóoba laa sopp,
3 te Esawu laa foñ.
Maa def ay tundam ab gent,
ab céru suufam, ma def ko dëkkuwaayu tilli màndiŋ mi.
4 Su Edom* nee: "Dees noo rajaxe,
waaye nooy tabaxaat gent bi,"
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi moom dafa wax ne:
"Ñooy tabax, maay màbb."
Ñoom lees di woowe waa diiwaan bu bon bi,
askan wi Aji Sax ji mere ba fàww.
5 Yeena koy gisal seen bopp,
yeenay seede ne: "Màggaayu Aji Sax ji
jéggi na kemu réewum Israayil."

### *Aji Sax ji tiiñal na sarxalkat yi*

6 «Doom teral baayam,
jaam, sangam.
Man, su ma dee baay, ana saab teraanga?
Su ma dee ab sang, ana saab cér?»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
mu ne: «Yeen sarxalkat yi teddadil ngeen sama tur,
yeen ngeen ne: "Ana nu nu teddadile sa tur?"
7 Xanaa di indi ñam wu sobewu
fi sama sarxalukaay.
Yeen ngeen ne: "Ana nu nu la sobeele?"
Xanaa xalaat ne sañees naa teddadil sarxalukaayu Aji Sax ji.
8 Bu ngeen ma sarxalsee jur gu gumba, dara aayu ci?
Am bu ngeen ma sarxalsee jur guy soox, ak jur gu wopp, dara aayu ci daal!
Yóbbul leen ko seen boroom dëkk rekk,
ba xam ndax moo leen di nangul,
mbaa mu siggil leen!»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.

9 «Ngeen ne: "Léegi nag tinuleen Yàlla rekk,
mu baaxe nu!"
Yeena tooñ, ndax day siggil kenn ci yeen?»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
10 «Éy bu kenn ci yeen tëjoon bunti kër Yàlla gi far,
ngir ñu baña jafal ab taal ci sama kaw sarxalukaay ci dara, doon na gën!
Awma benn bànneex ci yeen!»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
«Ab sarax, duma ko nangoo ci seeni loxo.

* **1.4** Edomeen ñi ñoo askanoo ci Esawu, bànni Israayil askanoo ci Yanqóoba seexu Esawu. Esawu moo teddadil li taxawe kóllërey Aji Sax ji, ba mu sàgganee cérub taawam. Seetal ci *Njàlbéen ga* 25.34. Edomeen ñi ñoo dëddu Israayil mi Aji Sax ji tànnal boppam. Seetal ci *Abdiyas* aaya 10-14 (1.10-14).

11 Waaye li ko dale penku ba sowub jant,
fu ci nekk la sama tur màgge ci biir xeet yi,
te fépp lees di taale cuuraay, ngir sama tur,
boole ci sarax su set,
nde sama tur a ni màgge fi biir xeet yi.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
12 «Waaye yeen, yeena teddadil
sarxalukaayu Aji Sax ji,
nde yeena xalaat ne lu sobewu la,
te aw yàppam, aw ñamam jarul dara.
13 Yeena ngi naa: "Ndaw lu soof," di
ciipatu.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
«Jur gu ñu sàcc ngeen may indil,
ak guy soox ak gu wopp,
loolu mooy seen sarax!
Nu ma koy nangoo ci seeni loxo?»
Aji Sax jee ko wax.

14 «Alkànde ñeel na ab jinigalkat bu am ci
géttam
am kuuy mu mu xasoo sarxe,
te di sarxalal Boroom bi jur gu sikk,
nde man, buur bu mag laa!»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
«Sama tur moo jara ragal fi biir xeet yi.

# 2

1 «Léegi nag, sarxalkat yi, santaane bii
yeen la ñeel.
2 Su ngeen dégluwul,
te defuleen seen xel ci teral sama tur,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
«alkànde laay yebal fi seen biir,
ba alagaale seeni barke,
te alag naa ko jeeg,
nde defuleen seen xel ci teral ma.
3 Maa ngii di yar seen askan,
sëlëm leen sébbriit,
mi jóge ci seen saraxi màggal,
ñu tonniwaale leen ak sébbriit mi.
4 Su boobaa ngeen xam ne
maa leen yónnee santaane bii,
ngir saxal sama kóllëreek Lewi*.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
5 «Sama kóllëre moom laa ko séqal,
mu jur dund ak jàmm,
maa ko may loolu ngir mu ragal ma,
ragaloon na ma it, bay yéemu ci sama tur.
6 Njàngalem dëgg la dëkkaloon ci gémmiñam,
te ag njubadi, déggeesu ko ciw làmmiñam,
xanaa di ànd ak man ci jàmm ak njub,
tey bàyyiloo ñu bare yoonu ñaawtéef.

7 «Kàddug sarxalkat déy day sàmm
xam-xam,
te ciy waxam la nit ñi di sàkkoo àlluwa,
nde mooy ndawal Aji Sax ji Boroom
gàngoor yi.
8 Waaye yeen dangeena moy yoon wi,
seenum njàngale ngeen fakkastale ñu bare,
te yeena fecci kóllëreg Lewi.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
9 «Moo tax man it ma def xeet wépp xeeb
leen,
sewal leen,
feye leen ko seen ñàkka sàmm samay yoon,
ak par-parloo gi ngeen di diglee yoon wi.»

### *Aji Sax ji du nangu saraxi workat yi*

10 Xanaa du benn baay lanu am, nun ñépp?
Te jenn Yàlla jee nu sàkk?
Lu waral ku ne di wor mbokkam,
ba ñàkka wormaal kóllërey maam ya?
11 Waa Yuda wor nañu,
lu jomblu lees def fi Israayil ak Yerusalem.
Yuda déy moo teddadil li Aji Sax ji sopp
te mooy bérebam bu sell:
Yuda moo takk janqub yàllay doxandéem
yi.
12 Ku def lii, yal na la Aji Sax ji
dagge ci xaymay Yanqóoba gépp yaak sa
bépp kuutaay,
boole ci kuy indil ab sarax
Aji Sax ji Boroom gàngoor yi.
13 Lii itam yeena ngi koy def:
yeena ngi tawal ay rongooñ sarxalukaayu
Aji Sax ji,
di jooy aka binni,
ndax moo geesootul seen sarax,
te nangootul lenn ci seen loxo.
14 Ngeen naa: «Ndax lan?»
Ndax Aji Sax ji moo seede seen diggante
ak seen jabar ja ngeen jël ba ngeen di
ndaw,
tey ngeen wor ko, te mu doonoon seen
wéttal,
seen jabar ju ngeen séqal kóllëre.
15 Kenn deful lii te desem xel.

* **2.4** Leween ñi jëfe woon fiiraange ci Aji Sax ji, ñoom lay wax. Seetal ci *Mucc ga* 32.25-29.

Kenn doŋŋ a ko defoon. Ndax lan?
Kuutaay li ko Yàlla digoon la doon wut.
Kon nag sàmmleen seenum xel,
te buleen wor seen jabar ja ngeen jël
ba ngeen di ndaw.
16 «Pase laa bañ,»
Aji Sax ji Yàllay Israayil moo ko wax,
«ak ku làmboo jëfi loraange ni mbubb.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
Kon nag sàmmleen seenum xel, te buleen wor.

### *Aji Sax ji, dëgg lay àtteji*

17 Soof ngeen Aji Sax ji ak seeni wax,
ngeen naan: «Nu nu ko soofe?»
Xanaa naan: «Képp kuy def lu bon
mooy ki baax ci Aji Sax ji,
te kooku la safoo.»
Mbaa ngeen naa: «Ana Yàlla jiy àtte dëgg sax?»

## 3

1 «Maa ngii di yebal sama ndaw,
mu xàllal ma aw yoon.
Sang bi ngeen di xaar
mooy jekki agsi këram,
ndawal kóllëre loolu, ki ngeen safoo,
mu ngooguy dikk.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
2 Waaye bésub dikkam, ana ku ko mana dékku?
Bu teewee ana kuy taxaw?
Nde moom daa mel ni sawaras tëgg buy xelli weñ,
melati ni xemey fóotkat.
3 Fa mbaxana dee benn lay tooge
ni xellikat ak seggkat,
te mooy segg sëti Lewi,
xelli leen ni xaalis ak wurus,
ba ñu doon niti Aji Sax ji,
ñi koy indil sarax ci yoon.
4 Su boobaa la saraxu Yuda ak Yerusalem di neex Aji Sax ji,
na jant ya woon, at ya woon.

5 «Maa leen di dikke ab àtte,
di ab seede bu taxaw temm
ci tuumaal xërëmkat yeek njaalookat yi,
ak ñiy fene ngiñ,
ak ñiy xañ ab liggéeykat peyooram,
di noggatu ab jëtun akub jirim,
di beddi doxandéem te ragaluñu ma.»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
6 «Man Aji Sax ji déy, duma soppiku,
te yeen noppiwuleen di askanu Yanqóoba*, maanaam ay suufukat.

### *Waññiku jëm ci Aji Sax ji moo war*

7 «Ca seen janti maam
ngeen dëddoo sama dogali yoon, sàmmuleen ko.
Waññikuleen fi man, ma waññiku fi yeen,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
«Yeena ngi naa:
“Ci lan lanuy waññikoo?”
8 Waaw, ndax nit dina sàcc Yàlla?
Ndaxam yeen, yeena ngi may sàcc
te yeena ne: “Ana nu nu la sàcce?”
Xanaa ci seen cérub fukkeelu alal ak li ngeen may jébbal.
9 Alkànde ju réy a ngi leen di dikkal,
nde man ngeen di sàcc, yeen mboolem askan wi.
10 Indileen mboolem céru fukkeel
ca kërug denc ya,
ba ab dund am sama biir kër,
te ngeen seetloo ma ko rekk,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
«ndegam duma leen ubbil bunti asamaan,
ba sottil leen barke bu doy.
11 Maa leen di gëddal njéeréer,
ba du leen yàqal meññeefum suuf,
te reseñug tool du leen jaasiral,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.
12 «Xeet yépp ñu barkeel ñi lañu leen di woowe,
nde réewum bànneex ngeen di dëkke,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.

### *Aji Sax ji dina fésal njubteg àtteem*

13 «Kàddu yu ñagas ngeen teg ci sama kaw,»
Aji Sax jee ko wax.
«Te yeena ne: “Ana kàddu yu ñu la waxal?”
14 Yeena ne: “Jaamu Yàlla ag neen la.
Ana lu nu jële ci sàmm ndénkaaneem,
tey wéye toroxlu
fi kanam Aji Sax ji Boroom gàngoor yi?
15 Moo tax nu ne nit ñu bew ñi ñooy ñi barkeel,
ñiy def lu bon kay ñoo baaxle,
ñoom ñiy diiŋat Yàlla, teg ca rëcc.”»

* **3.6 *askanu Yanqóoba*** mooy askan wi soqikoo ci Yanqóoba mi suufu woon ab seexam. Seetal ci *Njàlbéen ga* saar 25, 27.

16 Ca la ñi ragal Aji Sax ji diisoo ci seen biir,
Aji Sax ji teewlu, déglu leen.
Ñu bind fi kanamam téereb fàttaliku,
bu lim ñi ragal Aji Sax ji, te teral aw turam.
17 «Sama moomeelu bopp la ñooñuy doon,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
«ca bés ba may jëfi, sama gànjar lañuy
doon,
te ni baay di baaxe as ngóoram su ko
taxawu,
ni laa leen di baaxe.
18 Ca ngeen di ràññaatlewaat diggante
ku jub ak ku bon,
kuy jaamu Yàlla, ak ku ko jaamuwul.
19 Bés ba déy a ngii di ñëw,
di tàkk ni taal bu yànj.
Képp ku bew ak kuy def lu bon,
ca lay mel ni boob,
te bésub keroog baa koy jafal,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax,
«du leen waccal tus, dub reen, dub car.
20 Waaye yeen ñi ma ragal
la jantub njub di fenkal,
leerale leen ceeñeer yuy wéral,
ngeen génn di tëbantu ni ay sëlluy yar.
21 Yeenay joggi ñu bon ñi,
ñu doon pënd fi seen ron téstën,
keroog bés ba may jëfi,»
Aji Sax ji Boroom gàngoor yee ko wax.

22 «Bàyyileen xel ci yoonu Musaa, sama
jaam ba,
yoon wa ma ko dénkoon fa tundu Xoreb,
ñeel Israayil gépp,
mu diy dogal ak àttey yoon.
23 Maa ngii di yebal ci yeen, Ilyaas yonent
bi,
balaa bésub Aji Sax jee teew,
di lu màgg te raglu.
24 Mooy delloo xolu baay ca doom ja,
delloo xolu doom ca baay ba,
lu ko moy ma dikk duma réew mi, ba
faagaagal ko.»

# Kóllëre gi yees

Kóllëre gi yees moo ëmb xibaaru jàmm bii di xamle dundug Almasi Yeesu, dale ko ci juddoom ba ci njàngaleem ngir teg nit ci yoonu jàmm, ak cofeelam ci nit, ba musal leen ci sànkute.

Yeesu Almasi bi moo di «Na-amee-nii» ngir digey Yàlla yépp (*Esayi* 65.16). Mooy Boroom tur wu rafet wii: Kàddug Yàlla, ndax moo làmboo yéene ju rafet ji Yàlla am, ngir baal nit ñi seeni bàkkaar, ba noppi boole leen ci ndamam. Ni ay dex di wale, tàbbi géej, ni la waxi yonent yi mate ci Yeesu.

Yaw miy jàng téere bii nag, yal na Yàlla barkeel sam njàng. Yal na la Noowam gu Sell taxawu, te leeralal la ko, ba nga dajeek yiwam. Te woote bu mag bi jibe woon ci gémmiñu Rammukat bi, mu ngi dégtu ba tey: «Mboolem yeen ñi loof ndax sëf bu diis, ñëwleen ci man, man maa leen di noppal.» (*Macë* 11.28). Mu ne it, «ku seet, gis» (*Macë* 7.8).

# Xibaaru jàmm bu Almasi Yeesu, ci jottalib Macë

Mas ngaa xalaat ci dundug Almasi bi? Lu ko gàddaayloo mu jëm Afrig? Kañ la dox ci kaw ndox? Lu tax ñu bëgg koo rey? Kañ lay dellusi àddina? Dinga gis ay tont ci téere bii.

Dafa am ñeenti téere yu ay taalibey Yeesu Almasi bi bind ci ag dundam ak ay jàngaleem. Macë ab juutikat la woon jamono ji ko Yeesu woowee ngir mu nekk ab taalibeem (10.3). Téere bi mu bind, la mu ca jublu mooy mu won Yawut yi ne Yeesu mooy Almasi bi leen Yàlla digoon. Macë daldi tàmbali ci ni Yeesu askanoo te muy wone ne mooy sëtu Buur Daawuda te di sëtu Yonent Yàlla Ibraayma.

Macë am na lu bare lu mu yégle ci nguurug Yàlla. Yeesu mi ngi waare naa: «Tuubleen seeni bàkkaar, ndax nguurug asamaan dëgmal na» (3.2). Nguuru Yàlla ci asamaan masu fee jóge, waaye dafa ñàkk ci àddina. Yàlla jox na sañ-sañ nit ngir mu yilif àddina. Waaye nit a tooñ Yàlla, gannaaw bi ko Seytaane naxee, ba nangu sañ-sañ bi. Kon nag Yàlla yónni na Almasi bi, ngir mu nanguwaat sañ-sañ bi. Gannaaw bi Yeesu dekkee, mu ne: «Joxees na ma bépp sañ-sañ fa asamaan ak fi kaw suuf» (28.17).

Ci tënk:

1.1—4.25 Yeesu juddu na, tàmbali na liggéeyam.
5.1—7.29 Yeesu mi ngi firi yoonu Yàlla wi.
8.1—18.35 Yeesu day faj, di def ay kéemaan ak di jàngale.
19.1—23.39 Yeesu day tukki Yerusalem.
24.1—25.46 Yeesu day jàngale ci mujug jamono ak delluseem.
26.1—28.20 Yeesu dee na, dekki.

*Cosaanu Yeesu Almasi bi*

1 Lii mooy cosaanu Yeesu Almasi bi,
sëtub Daawuda, sëtub Ibraayma.
2 Ibraayma moo jur Isaaxa; Isaaxa jur
Yanqóoba; Yanqóoba jur Yuda aki doomi
baayam;
3 Yuda moo jur Peres ak Sera, Tamar di
seen ndey; Peres moo jur Esron, Esron jur
góor gu ñuy wax Aram;
4 Aram moo jur Aminadab; Aminadab
jur Naason; Naason jur Salmon;
5 Salmon jur Bowas mi Raxab di
ndeyam; Bowas moo jur Obedd mi Ruut di
ndeyam; Obedd moo jur Yese,
6 Yese moo jur Buur Daawuda.

Daawuda moo jur Suleymaan ma
jabaru Uri ja woon, di ndeyam;
7 Suleymaan moo jur Robowam;
Robowam moo jur Abya; Abya moo jur
Asaf*;
8 Asaf moo jur Yosafat; Yosafat moo jur
Yoram, Yoram moo jur Osiyas;
9 Osiyas moo jur Yotam; Yotam moo jur
Axas, Axas moo jur Esekiyas;
10 Esekiyas moo jur Manase; Manase
moo jur Amon†; Amon jur Yosya;
11 Yosya moo jur Yekoña‡ aki doomi
baayam ca jant ya ñu yóbboo Yawut ya ca
jant ya ñu jàpp Yawut ya njaam, yóbbu
Babilon.
12 Gannaaw ba ñu leen gàddaayloo ñu
dem Babilon la Yekoña jur Selcel; Selcel
jur Sorobabel,
13 Sorobabel jur Abiyudd; Abiyudd jur
Elyakim; Elyakim jur Asor;
14 Asor jur Cadog; Cadog jur Akim; Akim
jur Elyudd;
15 Elyudd jur Elasar; Elasar jur Matan,
Matan jur Yanqóoba;
16 Yanqóoba nag moo jur Yuusufa
jëkkëru Maryaama; te Maryaama moo jur
Yeesu, mi ñuy wax Almasi bi.

17 Mboolem maas yi dox diggante
Ibraayma ba ca Daawuda nag di fukki
maas ak ñeent; li dox diggante Daawuda
ba ca njaam ga ca Babilon, di fukki maas
ak ñeent; li dox diggante njaam ga ca
Babilon ba ci Almasi bi, di fukki maas ak
ñeent.

*Lu jëm ci juddub Yeesu Almasi bi*

---

* **1.7** ***Asaf*** ak Asa, kenn ki la. † **1.10** ***Amon*** ak Amos, kenn ki la. ‡ **1.11** ***Yekoña*** ak Yoyakin, kenn ki la.

[18] Juddub Yeesu Almasi bi, nii la deme:
Ndeyam Maryaama moo digoo woon ab
séy ak Yuusufa. Laata ñuy ànd nag, gis
nañu ne Maryaama dafa ëmb ci dogalu
Noo gu Sell gi.
[19] Ci biir loolu jëkkëram Yuusufa mi
doon nit ku jub, naroon koo yiwi ci sutura,
ndax bëggu ko woona weer.
[20] Naka lay xalaat ci loolu, am
malaakam Boroom bi feeñu ko ci gént, ne
ko: «Yuusufa, sëtub Daawuda, bul ragala
yeggali sa jabar Maryaama, ndax doom ji
sosu ci moom, ci Noo gu Sell gi la jóge.
[21] Doom ju góor lay am; nanga ko tudde
Yeesu (muy firi Boroom beey musle), ndax
mooy musal aw xeetam ci seeni bàkkaar.»
[22] Loolu lépp a sotti ngir matal la
Boroom bi waxe woon ca làmmiñu yonent
ba, ba mu nee:
[23] «Janq bi mooy ëmb,
jur doom ju góor,
ñu tudde ko Emanuwel§,»
muy firi Yàllaa ngi ak nun.
[24] Ba Yuusufa yewwoo, la ko malaakam
Boroom bi sant la def, daldi yeggali
jabaram.
[25] Waaye Yuusufa àndul ak moom, ba
kera mu ame doom, muy góor, mu tudde
ko Yeesu.

# 2

### *Fóore ya seetsi nañu Yeesu*

[1] Gannaaw ba Yeesu juddoo ca Betleyem
gu diiwaanu Yude, yemook janti Buur
Erodd, ndeke ay boroom xam-xam yu
bàyyikoo penku dikk nañu Yerusalem.
[2] Ñu ne: «Ana buur bi Yawut yi juddule?
Biddiiwam lanu gis ca penku, moo tax nu
dikk siyaaresi ko.»
[3] Ba Buur Erodd déggee loolu, dafa
jaaxle, mook mboolem waa Yerusalem.
[4] Ci kaw loolu mu woolu mboolem
sarxalkat yu mag ya, ak firikati yoonu
Musaa ya. Mu daldi leen laaj fu Almasi bi
wara juddoo.
[5] Ñu ne ko: «Xanaa Betleyem gu
diiwaanu Yude, ndax noonu la ko yonent
ba binde, ne:
[6] "Yaw Betleyem gu diiwaanu Yuda nag,
ñàkkoo solo moos ci dëkki Yuda yi gëna
màgg,
ndax ci yaw la njiit di soqikoo,
di sàmm Israayil, sama ñoñ*."»
[7] Ba loolu amee Erodd woolu boroom
xam-xam ya ci kumpa, di leerlu bés ba
biddiiw ba feqee.
[8] Mu yebal leen nag Betleyem, ne leen:
«Demleen seetal ma bu baax, mbirum xale
bi. Bu ngeen ko gisee, xamal ma ko, ngir
man itam ma siyaareji ko.»
[9] Ñu déglu buur ba ba noppi, dem. Ci
kaw loolu rekk biddiiw ba ñu gisoon ca
penku ba, ne tëll jiite leen di dem, ba àgg,
fa tiim béreb ba xale ba nekk, mu daldi
taxaw.
[10] Ba ñu gisee biddiiw ba taxaw, bég
nañu lool, mbég mu réya réy.
[11] Ñu dugg ca kër ga, gis xale bi ak
ndeyam Maryaama. Ñu daldi ne gurub
sukk, sujjóotal xale bi. Ba loolu amee ñu
yebbi seenub denc, génne ca yóbbalu
wurus ak cuuraay, ak ndàbb lu xeeñ lu ñuy
wax miir.
[12] Gannaaw loolu kàddu dikke leen ci
gént, artu leen ngir ñu baña dellu ca
Erodd. Ba mu ko defee ñu jaare weneen
yoon, ñibbi seenum réew.

### *Waa kër Yuusufa gàddaay nañu Misra*

[13] Ba boroom xam-xam ya ñibbee, am
malaakam Boroom bi moo jekki feeñu
Yuusufa ci gént ne ko: «Jógal, ànd ak xale bi
ak ndeyam te nga daw ba Misra, toog fa,
ba kera ma di la jox ndigal, ndax Erodd
dina seet xale bi, ngir sànk ko.»
[14] Yuusufa jóg, ànd ak xale bi ak
ndeyam, ag guddi, ngir làquji Misra.
[15] Fa la toog, ba Erodd faatu. Noonu la
mbir ma deme, ngir sottal la Boroom bi
waxe woon ca làmmiñu yonent ba, ba mu
nee:
«Misra laa woowe sama doom, mu génne
fa†.»
[16] Ba Erodd gisee ne boroom xam-xam
ya nax nañu ko, mer na mer mu réy lool,
ba yeble, ngir reylu ci Betleyem ak la ko
wër, mboolem xale yu góor yi am diggante
ñaari at ak lu ko yées, muy diggante ba

§ **1.23** Seetal ci *Esayi* 7.14. * **2.6** Seetal ci *Mise* 5.1; *2.Samiyel* 5.2. † **2.15** Seetal ci *Ose* 11.1.

méngook àpp ba mu leerloo woon ca
boroom xam-xam ya.
17 Booba la kàddu ga jottalikoo woon ci
Yonent Yàlla Yeremi mate. Mooy ba mu
nee:
18 «Baat a nga jibe fa Raama,
ay jooy ak yuux yu metti,
Rasel mooy jooy ay doomam
te bëggul kàddu gu ko dëfal,
nde doomam ya wuute‡.»

### *Waa kër Yuusufa dellu nañu Israayil*

19 Gannaaw ba Erodd faatoo, am
malaakam Boroom bi moo jekki feeñu
Yuusufa ci gént ca Misra,
20 ne ko: «Jógal ànd ak xale bi ak ndeyam
te nga dellu Israayil. Ñi doon wuta jël
bakkanu xale bi dee nañu.»
21 Yuusufa jóg, ànd ak xale bi ak
ndeyam, daldi dellu réewum Israayil.
22 Teewul mu dégg ne Arkelawus moo
falu buur ca Yude, wuutu baayam Erodd,
ba tax mu ragal faa dem. Ci biir loolu
kàddug artu dikkal ko ci gént, mu daldi
walbatiku, làquji diiwaanu Galile.
23 Mu dikk nag ba dëkk ba ñuy wax
Nasaret, sanc fa. Noonu la kàddu ga
jottalikoo woon ca yonent ya, mate. Mooy
ba ñu nee dees na ko woowe ab Nasareen.

## 3

### *Yaxya waare na ngir nit ñi tuub*

1 Jant yooyu la Yaxya feeñ, di waare ca
màndiŋu Yude,
2 naan: «Tuubleen seeni bàkkaar, ndax
nguurug asamaan dëgmal na.»
3 Kooku lañu doon wax, te Yonent Yàlla
Esayi jottali woon ko, ba mu nee:
«Baatu nit a ngi xaacoo ca màndiŋ ma
naan:
“Nangeen xàll yoonu Boroom bi,
juballeen ay xàllam*.”»
4 Yaxya nag mbubb mu ñu ràbbe kawaru
giléem la daan sol, laxasoo laxasaayu der
ca ndiggam, ab dundam diy njéeréer ak
lemu àll.
5 Nit ña daldi bàbbeeku, jëm ca moom,
waa Yerusalem, ak mboolem diiwaanu
Yude, ak mboolem diiwaanu dexu
Yurdan.
6 Ñu tudd seeni bàkkaar, Yaxya sóob leen
ca dexu Yurdan.
7 Ci kaw loolu ay Farisen ak ay Sadusen
yu bare ñëw ci Yaxya, ngir mu sóob leen ci
ndox. Yaxya ne leen: «Yeen njurum jaan
mee, ku leen artu, ba ngeen di daw sànj
miy dikk?
8 Kon nag jëfeleen jëf ju yelloo ag tuubeel,
9 te buleen defe ne man ngeena wax ci
seenum xel ne: “Nun, Ibraayma mooy
sunu maam,” ndax maa leen ko wax, doj
yii, Yàlla man na cee sàkkal Ibraayma aw
askan.
10 Léegi nag xàcc nañu sémmiñ ngir gor
reenu garab yi ba noppi. Kon gépp garab
gu ci meññul doom yu baax, dees koy gor,
sànni ca sawara sa.
11 Man, cim ndox laa leen di sóob, ngir
jëmmal seenug tuubeel. Waaye kiy ñëw
sama gannaaw moo ma sut, ba ay
caraxam sax yeyoowuma ko koo summil.
Moom nag ci Noo gu Sell gi ak ci sawara†
la leen di sóob.
12 Ab layoom a ngi ci loxoom, te mooy
jéri dàggaam, ba mu set wecc; am peppam
lay fat ci sàq mi, waaye xatax bi, da koy
lakk ci sawara su dul fey mukk.»

### *Yaxya sóob na Yeesu ci dexu Yurdan*

13 Booba la Yeesu jóge Galile, dikk ngir
Yaxya sóob ko ca dexu Yurdan.
14 Teewul Yaxya gàntal, ne ko: «Man may
ki soxla, nga sóob ma ci ndox, yaw nga
dikk ci man!»
15 Yeesu ne ko: «Baalagum noonu rekk,
ndax ci lanuy matale lépp li Yàlla bëgg ci
njub.» Yaxya daldi koy nangul.
16 Gannaaw ba ñu sóobee Yeesu, ba mu
génnee ca saa sa ca ndox ma, asamaan a
jekki ubbiku ngir moom. Mu gis Noowug
Yàlla wàcc ni am pitax ca kawam.
17 Ci kaw loolu rekk, baat jibe asamaan,
ne: «Kii mooy sama Doom, sama soppe;
Moom laay bànneexoo.»

‡ **2.18** Seetal ci *Yeremi* 31.15. * **3.3** Seetal ci *Esayi* 40.3. † **3.11** ***Sóobu gi ci Noo gu Sell gi ak ci sawara:*** Almasi bi moo leen di sol doole ju bawoo ci Noo gu Sell gi, ak itam setal leen ni sawara di setale weñ gu am lu ko rax. Sawara dina taxawe itam céru mbugal mu ñeel ñi déggalul Yàlla. Seetal ci 12.49; *Jëf ya* 2.3.

# 4

## *Yeesu të na Seytaane*

1 Ci kaw loolu Noowug Yàlla gi yóbbu
Yeesu ba ca biir màndiŋ ma, ngir mu
jànkoonte ak fiiri Seytaane.
2 Yeesu nekk na fa te lekkul ñeent fukki
bëccëg ak ñeent fukki guddi. Gannaaw gi,
mu xiif.
3 Fiirkat bi nag dikk ba ci moom, ne ko:
«Ndegam yaa di Doomu Yàlla, neel doj yii
ñu soppaliku mburu.»
4 Teewul Yeesu ne ko: «Bindees na ne:
“Du aw ñam doŋŋ la nit di dunde,
waaye dees na dunde itam, gépp kàddu gu
tukkee ci gémmiñug Yàlla*.”»
5 Ba loolu amee Seytaane yóbbu ko ca
Yerusalem, dëkk bu sell ba, aj ko ca
njobbaxtalu kër Yàlla ga.
6 Mu ne ko: «Ndegam yaa di Doomu Yàlla,
tëbal ci suuf, ndax bindees na ne:
“Ay malaakaam lay jox ndigal ci sa mbir,
te seeni loxo lañu lay leewoo,
ba doo fakkastalu ciw doj†.”»
7 Yeesu ne ko: «Bindees na it, ne: “Bul
seetlu Boroom bi sa Yàlla‡.”»
8 Seytaane yóbbooti ko ba ca kaw tund
wu kawe lool, won ko mboolem nguuri
àddina yépp ak seeni daraja.
9 Mu ne ko: «Lii lépp, yaw laa koy may,
soo sukkee sujjóotal ma.»
10 Yeesu nag ne ko: «Xiddi ma Seytaane,
ndax bindees na ne:
“Boroom bi sa Yàlla ngay sujjóotal, te
moom doŋŋ ngay jaamu§.”»
11 Ba mu ko defee Seytaane won ko
gannaaw, ay malaaka dikk, di toppatoo
Yeesu.

## *Yeesu door na liggéeyam ca Galile*

12 Yeesu nag dégg ne tëj nañu Yaxya
kaso; mu daldi dem Galile.
13 Gannaaw loolu, mu toxoo Nasaret,
sanci Kapernawum ga féeteek dex ga, ca
diiwaani Sabulon ak Neftali,
14 ngir matal kàddu ga jottalikoo woon ci
Yonent Yàlla Esayi, ba mu nee:
15 «Yaw réewum Sabulon ak yaw réewum
Neftali,
di yoonu géeju Galile, ca wàllaa dexu
Yurdan,
yaw Galile, réew ma bare ñu dul yawut!
16 Askan wa nekkoon cig lëndëm,
gis na leer gu mag,
ña dëkke woon réewum dee mu ne këruus,
ñoom la leer fenkal*.»
17 Jant yooyu la Yeesu tàmbali di
waaraate naan: «Tuubleen seeni bàkkaar,
ndax nguurug asamaan dëgmal na.»

## *Yeesu tànn na ñeenti taalibe*

18 Yeesoo doon doxe ca tàkkal dexu
Galile, daldi gis ñaar ñu bokk ndey ak
baay, di Simoŋ mi ñuy wax Piyeer, ak
Àndre rakkam. Ña ngay mbaal ca dex ga,
ndax ay nappkat lañu woon.
19 Yeesu ne leen: «Ñëwleen topp ma, ma
def leen nappkati nit.»
20 Ca saa sa ñu won mbaal ya gannaaw,
daldi topp ca moom.
21 Yeesu jóge fa, gis ñeneen ñaar ñu bokk
ndey ak baay, Yanqóoba doomu Sebede, ak
Yowaan mi Yanqóoba bokkal ndey ak
baay. Ña nga ca gaal ga, ñook seen baay
Sebede, di gaar seeni mbaal. Yeesu woo
leen.
22 Ñu bàyyi gaal gaak seen baay ca saa
sa, daldi topp ca moom.
23 Ba loolu amee Yeesu di wër Galile
gépp, di jàngale ci seeni jàngu, di yégle
xibaaru jàmm bu nguurug Yàlla, aka faj
mboolem jàngoro yi, ak wéradiy nit ñi,
24 ba tax turam siiw, ba ca biir réewum
Siri gépp. Ñu di ko indil mboolem ñi wopp,
ak ñi ame mboolemi jàngoro aki mitit, ak
ñi rab jàpp, ak ñiy say, ak lafañ yi, mu faj
ñépp.
25 Mbooloo mu bare nag topp ko, jóge ca
wàlli Galile, ak diiwaan ba ñuy wax Fukki
Dëkk, ak Yerusalem ak diiwaanu Yude, ba
ca wàllaa dexu Yurdan.

# 5

## *Ñii la ndokkale ñeel*

1 Yeesu moo gisoon mbooloo ma, daldi
yéeg ca tund wa. Naka la toog, taalibeem
ya dikk.
2 Mu yékkati kàddoom, jàngal leen ne leen:

---

* **4.4** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 8.3. † **4.6** Seetal ci *Taalifi cant* 91.11-12. ‡ **4.7** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.16.
§ **4.10** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.13. * **4.16** Seetal ci *Esayi* 8.23; 9.1.

3 «Ndokkalee ñi am xolub ku néew doole,
nde nguurug asamaan, ñooy boroom.
4 Ndokkalee ñiy jooy,
nde dees na leen dëfal.
5 Ndokkalee ñi woyof,
nde ñooy moom àddina.
6 Ndokkalee ñi xiif aka mar jëfe njekk,
ndax dinañu regg.
7 Ndokkalee ñi am yërmande,
nde dees na leen yërëm.
8 Ndokkalee ñi sell ab xol,
nde ñooy gis Yàlla.
9 Ndokkalee ñiy sàkku jàmm,
nde ñoom lees di woowe doomi Yàlla.
10 Ndokkalee ñi seenug njub tax ñu di leen
bunduxataal,
nde nguurug asamaan ñooy boroom.
11 «Ndokkalee yeen, bu ñu leen di saaga,
di leen bunduxataal, di leen sosal gépp
njombe ndax man.
12 Bégleen te bànneexu, ndax seen yoolub
ëllëg bu réy, nde noonu lañu daan fitnaale
yonent yi fi jiitu.

## *Xorom ak leer ñooy misaali gëmkat ñi*

13 «Yeena di xoromas àddina. Bu xorom
raxee ba sàlli, nees koy delloo cafkaam?
Du jariñati dara, xanaa ñu sànni ko ci biti,
nit ñi dox ci kawam.
14 Yeena di leeru àddina. Ab dëkk, bu
nekkee ci kaw tund, du mana làqu.
15 Te it deesul taal ab làmp, dëpp cig
leget, waaye dees koy aj ca kaw tegoom,
ba muy leeral ñi nekk ci néeg bi ñépp.
16 Yeen, na seenug leer leere noonu ci
kanam nit ñi, ngir ñu gis seen jëf ju rafet,
ba sàbbaal seen Baay ba fa kaw.

## *Yoonu Musaa ak kàdduy waxyu ci Yeesu la mate*

17 «Buleen defe ne damaa dikk ngir tebbi
yoonu Musaa, ak waxi yonent yi.
Tebbisiwuma, damaa sottalsi.
18 Maa leen ko wax dëy, ba keroog
asamaan ak suuf raaf, wenn rëdd, mbaa
genn maaska du raaf mukk ci yoonu
Musaa, ba kera lépp sotti.
19 Kon képp ku wàcc lenn ci ndigal yii
gëna tuut, te di ko diglee noonu, ki gëna
tuut lees lay woowe fa nguurug asamaan.
Waaye képp ku koy jëfe, di ko digle, ku mag
ki lees lay woowe fa nguurug asamaan.
20 Te kat maa leen ko wax, bu seenub
njub ëppul njubu firikati yoonu Musaa yi
ak Farisen yi, dungeen tàbbi mukk ci
nguurug asamaan.

## *Mere nit ki mooy bóom ko*

21 «Dégg ngeen ne waxoon nañu maam
ya ne leen: "Bul bóom; ku bóom yoon dina
la daan*."
22 Waaye man maa leen ko wax, képp ku
mere sa mbokk, dees na la àtte. Ku ne sa
mbokk: "Doo dara," kuréelu àttekat ya am
na ci yaw yoon, te ku ne sa moroom "Dof
bi," sawara am na ci yaw yoon.
23 Kon soo yóbboo sa sarax ca
sarxalukaay ba, ba fàttaliku foofa ne, am
na lu la sa mbokk meree,
24 dangay bàyyi sab sarax ca kanam
sarxalukaay ba, te nga njëkka jubooji ak sa
mbokk ma, doora dellu, joxe sab sarax.
25 «Gaawala juboo ak sab jotewaale, bi
ngay ànd ak moom jëm ca ëttu àttekaay ba;
lu ko moy sab jotewaale jébbal la àttekat ba,
kooka jox la alkaati ba, mu ne la ràpp tëj.
26 Maa la ko wax déy, doo fa génne mukk
te feyuloo lépp ba ci dërëm bi gëna tuut.

## *Ku xemmem jigéen, njaaloo nga*

27 «Dégg ngeen ñu ne: "Bul njaaloo†."
28 Waaye man maa leen wax ne képp ku
xool jigéen, ngir xemmem ko, njaaloo nga
ak moom xaat ci sam xel.
29 Bu la sa bëtu ndijoor dee bàkkaarloo,
luqil, sànni, ndax ñàkk sa benn cér moo gën
ci yaw ñu sànni sa yaram wépp sawara.
30 Bu la sa loxol ndijoor dee bàkkaarloo,
daggal, sànni, ndax ñàkk sa benn cér moo
gën ci yaw, sa yaram wépp tàbbi sawara.

## *Njaaloo doŋŋ moo daganal pase*

31 «Te waxees na ne: "Képp ku fase sa
jabar, nanga ko jox kayitu pase‡."
32 Waaye man maa leen wax ne képp ku
fase sa jabar, te njaaloo taxul, yaa ko
njaalooloo. Te ku ñu fase it, képp ku ko
takk, njaaloo nga.

## *Bul xàcc sa ngiñ*

* **5.21** Seetal ci *Mucc ga* 20.13; *Baamtug yoon wi* 5.17. † **5.27** Seetal ci *Mucc ga* 20.14. ‡ **5.31** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 24.1. § **5.33** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 23.22-24.

33 «Déggati ngeen ñu ne waxoon nañu
maam ya ne leen: “Bul xàcc sa ngiñ, waaye
wàccool ak Boroom bi sa kàdduy ngiñ§.”
34 Waaye man maa leen wax ne leen,
buleen giñ dara; bumu di ci asamaan, nde
asamaan moo di jalub Yàlla;
35 bumu di ci suuf, nde suuf moo di
ndëggastalam; bumu di ci Yerusalem, nde
Yerusalem moo di dëkku Buur bu mag bi.
36 Bul giñ it ci sa kaaŋum bopp, ndax du
sa genn kawar goo mana weexal, mbaa
nga ñuulal ko.
37 Na sa kàddu di waaw, soo waree ne
waaw; mbaa déet, soo waree ne déet.
Leneen lu ci tegu, ci ku bon ki la jóge.

### *Bul feyu*

38 «Dégg ngeen ñu ne: “Bët, bët a koy fey;
bëñ, bëñ a koy fey*.”
39 Waaye man maa leen wax ne leen,
buleen jànkoonte ak ku bon, waaye ku leen
dóor mbejum lexu ndijoor, dékkleen ko lex
ba ca des.
40 Ku leen nara yóbbu ci yoon, ngir jël
seenub turki, baleen kook seen mbubb
mu mag, dolli ko.
41 Ku leen ga, ngeen yenul ko ci doxub
benn kilomet, àndleen ak moom ñaar.
42 Ku leen ñaan, mayleen ko, te ku leen
leb, buleen ko gàntu.
43 «Dégg ngeen ñu ne: “Soppleen seen
moroom†” te bañ seenub noon.
44 Waaye man maa leen wax ne leen,
soppleen seeni noon te ñaanal ñi leen di
bunduxataal,
45 ngir ngeen doon doomi seen Baay ba
fa asamaan, nde mooy kiy fenkal jantam
ci kaw ñu bon ñi, ak ñu baax ñi, te mooy
tawal ñi jub, ak ñi jubadi.
46 Su ngeen soppee ñi leen sopp, ban
yool ngeen am? Xanaa du juutikat yi sax
noonu lañuy jëfe?
47 Su ngeen dee saafoonte ak seeni bokk
doŋŋ, ana lu ngeen def lu yéeme? Xanaa
du yéefar yi sax noonu lañuy jëfe?
48 Ni seen Baay ba fa asamaan mate nag,
nangeen ni mate.

# 6

### *Buleen sarxe ngir ngistal*

1 «Wattuleena def seenu njekk ci kanam
nit ñi, ngir ngistal. Lu ko moy, dungeen
ame yool fa seen Baay ba fa asamaan.
2 Kon nag booy sarxe, bul ko yéglee
coowal liit, ni ko jinigalkat yiy defe ci
jàngu yi ak mbedd yi, ngir nit ñi kañ leen.
Maa leen ko wax déy, ñooñu jot nañu seen
yool bu mat sëkk.
3 Waaye booy sarxe, li sa loxol ndijoor di
def, bu ko sa loxol càmmoñ xam,
4 su ko defee sa sarax di kumpa, te sa
Baay biy gis ci biir kumpa moo lay yool.

### *Buleen ñaan ngir ngistal*

5 «Bu ngeen di ñaan, buleen mel ni
jinigalkat yi safoo taxaw di ñaan ci jàngu yi
ak selebe yoon yi, ngir fés. Maa leen ko
wax déy, ñooñu jot nañu seen yool bu mat
sëkk.
6 Yaw nag booy ñaan, duggal sa néegu
biir, tëj sa bunt, te nga ñaan sa Baay ci
kumpa. Sa Baay biy gis ci biir kumpa moo
lay yool.
7 «Bu ngeen di ñaan, buleen jàppoo
kebetu ni yéefar yi foog ne ci wax ju bare
lees leen di nangule.
8 Kon buleen mel ni ñoom, ndax seen
Baay xam na li ngeen soxla bala ngeen ko
koo ñaan.
9 Yeen nag nangeen ñaane nii:
“Sunu Baay bi fi asamaan,
nañu wormaal sa sellaayu tur,
10 na sa nguur dikk,
na sa coobare ame fi suuf na mu ame fa
asamaan.
11 May nu bésub tey, sunu dundub bés bu
nekk,
12 te nga baal nu sunuy tooñ, ni nu baale
nun itam, ñi nu tooñ.
13 Bu nu dugal ci nattu,
waaye yal nanga nu musal ci ku bon ki.
Yaw de yaa yelloo nguur ak kàttan ak
màggaay, ba fàww. Amiin.”
14 «Su ngeen baalee nit ñi seeni tooñ,
seen Baay ba fa asamaan dina leen baal,
yeen itam.
15 Waaye su ngeen baalewul, seen Baay
it du leen baal seeni tooñ.

### *Buleen woor ngir ngistal*

* **5.38** Seetal ci *Mucc ga* 21.24. † **5.43** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18.

16 «Su ngeen di woor, buleen yoggoorlu
ni jinigalkat yi. Dañuy ñaawal seen kanam,
ngir wone ne dañoo woor. Maa leen ko
wax déy, ñooñu jot nañu seen yool bu mat
sëkk.
17 Yaw nag booy woor, xeeñlul te sëlmu
ba set,
18 ngir baña won nit ñi sa koor, ba mu
des sa Baay bi teew ci kumpa. Sa Baay biy
gis ci biir kumpa moo lay yool.

### *Alal fa Yàlla*

19 «Buleen dajale ab denc ci kaw suuf, fi
ko max ak xomaag di yàqe, mbaa ab sàcc
bëtt, jël ko.
20 Waaye dajaleleen ab denc fa
asamaan, fa ko max ak xomaag dul yàqe,
te ab sàcc du bëtt, jël ko.
21 Ndaxte fa sab denc nekk, sab xol it a
nga fa.
22 «Bët mooy làmpu yaram. Su sa bët
wéree, sa yaram wépp a ciy leerloo,
23 waaye bu sa bët bonee, sa yaram
wépp a ngi ci lëndëm. Leer gi ci yaw nag,
su dee ag lëndëm, ndaw lëndëm gu réy!
24 «Kenn manula jaamu ñaari sang;
dangay dëddu kii, sopp kee, mbaa nga
fonk kii, cof kee. Manuleena jaamoondoo
Yàlla ak Alal.

### *Wóoluleen Yàlla*

25 «Moo tax ma ne leen, buleen seen
bakkan jaaxal, ngir lu ngeen lekk, mbaa lu
ngeen naan, te it buleen seen yaram
jaaxal ngir lu ngeen sol. Xanaa du lekk gi,
bakkan bee ko ëpp solo, te koddaay li it,
yaram wee ko ëpp solo?
26 Xoolleen picc yi: duñu ji, duñu góob,
duñu denc ci am sàq. Teewul seen Baay ba
fa asamaan di leen dundal. Yeen nag,
xanaa du yeena gën picc yi fuuf?
27 Ana kan ci yeen mooy jaaxle, di xalaat
a xalaat bakkanam, ba mana yokk ci
àppam, lu tollook xef ak xippi?
28 «Koddaay nag, ana lu ngeen ciy jaaxle?
Seetaatleen ni tóor-tóor yiy saxe ci tool yi.
Doñ-doñiwuñu, ëccuñu,
29 waaye maa leen wax ne Suleymaan
ak darajaam jépp sax, soluwul woon ni
benn ci ñoom.
30 Ndegam ñaxum tool miy dund tey, te
léegi ñu sànni ko cib taal, moom la Yàlla di
wodde nii kay, xanaa astamaak yeen?
Yeenaka néew ngëm!
31 Kon nag, buleen jaaxle, naan: “Lu nuy
lekk?” mbaa “Lu nuy naan?” mbaa “Lu
nuy sol?”
32 Ndaxte loolu lépp, yéefar yi ñoo koy
tiisoo. Te seen Baay ba fa asamaan xam
na ne soxla ngeen loolu lépp.
33 Waaye njëkkleena tiisoo nguurug Yàlla,
ak njub gi mu laaj, te loolu lépp moo leen
ko ciy dollil.
34 Kon nag buleen am xalaat ci ëllëg,
ndax ëllëg dina xalaat boppam. Bés bu
nekk, ab coonoom doy na ko.

## 7

### *Sikkal jàmbur aay na*

1 «Buleen di sikkale, su ko defee
deesuleen sikkal.
2 Ndaxte àtte bi ngeen di àttee, moom
lees leen di àttee; te natt bi ngeen di
nattale, moom lees leen di nattale.
3 Ana looy xoole xatax bi ci sa bëtu
mbokk, te sa bët bi, gànj gi ci nekk, gisuloo
ko?
4 Mbaa ana noo naa sa mbokk: “Xaaral,
ma dindil la xatax bi ci sa bët,” te gànj a
ngoogu ci sa bët yaw?
5 Jinigalkat bi, njëkkala dindi gànj gi ci sa
bët, ba gis bu baax, nga doora dindi xatax
bi ci sa bëtu mbokk.
6 «Buleen jox lu sell xaj yi, mbaa ngeen di
sànni seeni per ci kanam mbaam-xuux yi,
lu ko moy ñu dëggaate ko, ba noppi xaj yi
walbatiku ci seen kaw, daggate leen.

### *Yàlla nangu na ñaanu ku gëm*

7 «Ñaanleen, ñu may leen; seetleen, gis;
fëggleen, ñu ubbil leen.
8 Ndaxte képp ku ñaan, dinga am; ku
seet, gis; ku fëgg it, dees na la ubbil.
9 Kan ci yeen sax, la doomam di ñaan
mburu, mu jox kow doj?
10 Mbaa mu ñaan kow jën, mu jox ko
jaan?
11 Ndegam yeen ñi bon, yeena mana
may seeni gone lu baax nag, kon seen
Baay ba fa asamaan, ñaata yoon la leen
dàqa may lu baax, ñi ko ko ñaan!

12 «Lépp lu ngeen bëgg nit ñi defal leen
ko nag, nangeen leen ko defale noonu, nde
loolu mooy yoonu Musaa ak yonent yi.

### *Buntu dund xat na*

13 «Duggeleen ci bunt bu xat bi, ndax
bunt beek yoon wi jëm sànkute dañoo
yaatu, te ñu baree cay dugge.
14 Waaye xat la def, bunt ba jëm dund;
sew it la yoon wa def, te ñu néew a koy gis.

### *Doomu garab, ndey ja*

15 «Moytuleen yonenti caaxaan yi. Ñooy
ñëw ci yeen, soloo melow xar, te diy bukki
yu soxor.
16 Seenum meññeef ngeen leen di
xàmmee. Ndax ag dédd, dees na ci witte
doomi reseñ; am ay dagg, dees na ci witte
doomi figg?
17 Garab gu baax gu nekk, doom yu baax
lay meññ; waaye garab gu bon, doom yu
bon lay meññ.
18 Garab gu baax daal manula meññ
doom yu bon, garab gu bon itam manula
meññ doom yu baax.
19 Gépp garab gu dul meññ doom yu
baax nag, dees koy gor, sànni ca sawara sa.
20 Kon nag ñoom daal ci seenum
meññeef ngeen leen di xàmmee.
21 «Du képp ku ma naan: “Sang bi, Sang
bi,” mooy tàbbi ci nguurug asamaan,
xanaa ñiy jëfe sama coobarey Baay ba fa
asamaan.
22 Bu bés baa, ñu baree ma naan: “Sang
bi, Sang bi, xanaa du saw tur lanu daa
waaree, di dàqe saw tur ay rab, tey defe
saw tur kéemaan yu bare?”
23 Booba laa leen di wax ne: “Masuma
leena xam, defkati ndëngte yi ngeen doon,
xiddileen ma!”

### *Ki dégg, jëfe, moo xelu*

24 «Kon képp ku dégg sama kàddu yii, te di
ko jëfe, dafa mel ni nit ku xelu ki tabax
këram ci kaw aw doj.
25 Ba mu noppee, taw ba sóob, wal ma
dikk, ngelaw la riddi, lépp dal ca kër ga, te
màbbul, ndax doj wa mu sampe.
26 Waaye képp ku dégg sama kàddu yii te
jëfewu ko, dafa mel ni nit ku ñàkk xel ki
tabax këram ci gannuus gi.
27 Ba mu noppee, taw ba sóob, wal ma
dikk, ngelaw la riddi, lépp dal ca kër ga;
mu màbb, yàqu yaxeet.»
28 Ba Yeesu waxee loolu ba noppi,
mbooloo ma daa yéemu ca njàngaleem,
29 ndax sañ-sañ ba mu leen di jàngale
niroowul ak na seen firikati yoonu Musaa
yay jàngalee.

# 8

### *Yeesu faj na ku gaana*

1 Yeesu moo wàcce ca tund wa, mbooloo
mu bare topp ko.
2 Ab gaana jekki dikk, sujjóotal ko, ne ko:
«Sang bi, su la soobee, man nga maa setal.»
3 Mu tàllal loxoom, laal ko ne: «Soob na
ma, setal.» Ca saa sa ngaanaam ga set
wecc.
4 Yeesu ne ko: «Fexeel ba bu ko wax
kenn, demal rekk ca sarxalkat ba, ngir mu
seet la, te nga génne sarax si yoonu Musaa
santaane*, ngir muy firnde ci ñoom.»

### *Ngëm gu réy, yool bu réy*

5 Gannaaw ba Yeesu duggsee dëkk ba
ñuy wax Kapernawum, ab njiitu takk-der
bu waa Room moo dikk ba ci moom, ñaan
ko,
6 ne ko: «Sang bi, sama surga moo tëdd ca
kër ga, lafañ, te nekke mitit wu tar.»
7 Yeesu ne ko: «Man, maay dikk, faj ko.»
8 Teewul njiit la ne ko: «Sang bi,
yeyoowuma nga dugg sama kër; waxal
genn kàddu rekk, sama surga wér.
9 Ndaxte man itam ci kilifteef laa tënku,
te maa ngeek ay takk-der yu nekk ci sama
ndigal. Su ma nee kii: “Demal,” mu dem,
ma ne kee: “Ñëwal,” mu ñëw. Te sama jaam
bu ma ko nee: “Defal lii,” mu def ko.»
10 Ba ko Yeesu déggee, daa yéemu, daldi
ne ñi topp ci moom: «Maa leen ko wax, déy,
ku réye nii ngëm, gisuma ko ci bànni
Israayil.
11 Maa leen wax ne leen, ñu bareey
bawoo penku ak sowu, dikk bokk ca
ndabal bernde ja, ñook Ibraayma ak
Isaaxa ak Yanqóoba, keroog ca nguurug
asamaan.

* **8.4** Seetal ci *Sarxalkat yi* 14.1-32.

12 Waaye doom yi yeyoo nguur ga, ñoom
lees di sànni ca biti ca lëndëm gu tar ga.
Foofa lees di jooye aka yéyoo ndax mitit.»
13 Ci kaw loolu Yeesu ne njiitu takk-der
ba: «Demal, noonu nga ko gëme, na ame
noonu ci yaw.» Ca waxtu woowa la surga
ba wér.

### *Yeesu faj na jarag yu bare*

14 Gannaaw loolu Yeesu dem kër Piyeer,
daldi fekk yaayu jabaru Piyeer, mu tëdd,
yaram wa tàng.
15 Yeesu jàpp loxol soxna sa, tàngooru
yaram wa teqalikook moom, soxna sa jóg,
di ko toppatoo.
16 Ca ngoon sa ñu indil ko ñu bare ñu rab
jàpp. Ba loolu amee Yeesu dàqe rab ya
kàddoom, mboolem ña wopp, mu faj leen.
17 Noonu la kàddu ga jottalikoo woon ci
gémmiñu Yonent Yàlla Esayi mate. Mooy ba
mu nee:
«Moom sunuy wopp la jël,
sunuy jàngoro la sëfoo†.»
18 Ba Yeesu gisee mbooloo ma ko wër
nag, dafa sant taalibe ya, ñu jàll ba ca
wàllaa dex ga.
19 Ci biir loolu ab firikatu yoonu Musaa
dikk, ne ko: «Kilifa gi, yaw laay topp fépp
foo jëm.»
20 Yeesu itam ne ko: «Till akug kàmbam,
njanaaw akub tàggam, waaye Doomu nit
ki de, amul fu mu wéer boppam.»
21 Ba loolu amee keneen ca taalibe ya ne
ko: «Sang bi, may ma, ma njëkka dem robi
sama baay.»
22 Yeesu ne ko: «Toppal ci man te nga
bàyyi néew yi, ñu rob seeni néew.»

### *Yeesu dalal na ngelaw*

23 Ba mu ko defee, Yeesu dugg ca gaal ga,
ay taalibeem ànd ak moom.
24 Ca saa sa ngelaw lu réy yëngal dex ga,
ba gannax ya mëdd gaal ga. Teewul
Yeesoo ngay nelaw.
25 Taalibe ya jegesi, yee ko, ne: «Sang bi,
wallu nu, nu ngi sànku!»
26 Yeesu nag ne leen: «Lu ngeen di tiit,
yeenaka néew ngëm!» Ci kaw loolu mu jóg,
daldi gëdd ngelaw la ak gannax ya. Lépp
ne sendaw.
27 Ba loolu amee, ñu waaru, naan: «Kii
moo di kan, ba ngelaw leek dex gi di ko
déggal?»

### *Yeesu faj na ñaar ñu rab jàpp*

28 Ba Yeesu jàllee, ba teere diiwaanu waa
Gadara, ñaar ñu rab jàpp ñoo génne ca sëg
ya, dikk dogale ko, te di ñu soxor lool, ba
kenn ñemewul woona jaare foofa.
29 Ñu jekki xaacu, ne: «Yaw Doomu Yàlla
ji, ana lu nu joteek yaw? Ndax danga fee
ñëw ngir mbugal nu, te jotagul?»
30 Fekk na genn coggalu mbaam-xuux
yu baree nga leen dànd lu sore, di for.
31 Rab ya tinu ko ne: «Boo nu dàqee,
yebal nu ca coggalu mbaam-xuux ya.»
32 Yeesu ne leen: «Demleen.» Rab ya nag
génn, dugg ca mbaam-xuux ya, ci saa si
coggal gépp bartaloondoo, tàbbi ca dex ga,
daldi lab.
33 Ba loolu amee sàmm ya daw, ba ca
dëkk ba, nettaliji lépp, ak la xewoon ca ña
rab jàpp.
34 Ci kaw loolu rekk dëkk ba bépp génn,
ngir dajeek Yeesu. Naka lañu ko gis, daldi
koy tinu ngir mu génn seen gox ba.

# 9

### *Yeesu faj na ab lafañ ca Kapernawum*

1 Gannaaw loolu Yeesu dugg gaal, jàll
dex ga, daldi dellu dëkkam.
2 Ñu jekki indil ko ab lafañ, mu tëdd cig
laltu. Ba Yeesu seetloo seen ngëm, da ne
lafañ ba: «Na sa xel dal, doom, jéggalees na
la say bàkkaar.»
3 Ay firikati yoonu Musaa nag jekki di
wax ci seen biir naan: «Kii, Yàlla lay diir
mbagg!»
4 Teewul Yeesu xam seen xalaat, ne leen:
«Lu waral yii xalaat yu bon ci seen xel?
5 Ana ci yii yaar, lu ci gëna yomb: ne
"Jéggalees na la say bàkkaar," am ne: "Jógal
te dox"?
6 Kon nag dingeen xam ne Doomu nit ki
am na ci kaw suuf, sañ-sañu jéggale ay
bàkkaar.» Mu ne lafañ ba: «Jógal, jël sag
laltu, te ñibbi.»
7 Lafañ ba jóg, daldi ñibbi.

† **8.17** Seetal ci *Esayi* 53.4.

8 Ba mbooloo ma gisee loolu, dañoo tiit,
di sàbbaal Yàlla, mi may nit ñi boobu
sañ-sañ.

### *Yeesu woo na Macë*

9 Yeesu bàyyikoo ca, daldi gis waa ju ñuy
wax Macë, mu toog ca juuti ba. Mu ne ko:
«Kaay, topp ma.» Mu jóg, topp ko.
10 Gannaaw ga, Yeesu doon lekk ca kër
Macë, lu bare ci ay juutikat aki bàkkaarkat
jekki dikk, ñu bokk di lekk, ñook Yeesu aki
taalibeem.
11 Farisen ya nag gis loolu, ne taalibe ya:
«Juutikat yeek bàkkaarkat yi la seen kilifa di
bokkal lekk nag?»
12 Yeesu nag dégg ca, ne leen: «Du ñi wér
ñoo soxla fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla.
13 Demleen jàngi lu kàddu gii di firi:
“Ngoor laa namm, dub sarax*,” ndax du ñi
jub laa woosi, bàkkaarkat yi laay woo.»

### *Koor am na bésam*

14 Gannaaw loolu taalibey Yaxya dikk ca
Yeesu ne ko: «Lu tax nun ak Farisen yi,
nuy woor, te say taalibe duñu woor?»
15 Yeesu ne leen: «Ndax xariti séet
dinañu naqarlu dara, li feek boroom séet
baa ngi teew ci seen biir? Teewul jamonoo
ngi ñëw, dees na jële boroom séet bi ci seen
biir; su boobaa nag dinañu woor.
16 Kenn du jël sekkit wu yees, di ko
daaxe mbubb mu ràpp, ndax sekkit wi day
ñoddi mbubb mi, mu gëna xar.
17 Te it deesul def biiñ bu bees ci mbuusi
der yu ràpp. Lu ko moy, mbuus yi fàcc,
biiñ bi tuuru, mbuus yi yàqu. Biiñ bu bees
daal, ci mbuus mu bees lees koy def, ñaar
ñépp mucc.»

### *Yeesu dekkal na, faj na*

18 Naka la leen Yeesu di wax loolu rekk,
ab njiit dikk, sujjóotal ko, ne ko: «Sama
doom ju jigéen moo faatu léegi, waaye
ngalla dikkal, teg ko sa loxo, mu dund.»
19 Yeesu jóg, topp ko, mooki taalibeem.
20 Ndeke sennas ndaw a nga ca ànd.
Diiru fukki at ak ñaar ma ngay xëpp deret.
Mu doxe gannaaw, daldi teg loxoom ca
catu mbubbam.
21 Fekk na mu naan ci xelam: «Su ma
manoona laal catu mbubbam rekk, dinaa
wér.»
22 Yeesu ne gees, gis ko, ne ko: «Janq, na
sam xel dal, sa ngëm a la faj.» Ca waxtu
woowa la ndaw sa wér.
23 Ci kaw loolu Yeesu agsi ca kër njiit la,
daldi gis toxorokati dëj ya, ak kër-këru
mbooloo ma.
24 Mu ne leen: «Génnleen, janq bi deewul,
day nelaw rekk.» Nit ña nag di ko ñaawal.
25 Gannaaw ba ñu génnee mbooloo ma,
Yeesu dugg, jàpp ca loxol janq ba, mu daldi
jóg.
26 Ba loolu amee coow loola law ca réew
ma mépp.

### *Yeesu faj na ñaari gumba*

27 Ba Yeesu jógee foofa, ñaari silmaxaa ko
topp, di xaacu, naan: «Sëtub Daawuda,
yërëm nu!»
28 Naka la Yeesu délsi, ba dugg ca kër ga,
gumba ya duggsi. Yeesu ne leen: «Ndax
gëm ngeen ne man naa koo def?» Ñu ne
ko: «Waawaaw, Sang bi.»
29 Yeesu daldi laal seeni bët, ne leen:
«Noonu ngeen ko gëme, na ame noonu.»
30 Ca saa sa seeni bët ubbiku. Yeesu nag
artu leen bu baax, ne leen: «Moytuleen
kenn xam ko.»
31 Teewul ñu génn rekk, di waxtaane
Yeesu ca gox ba bépp.

### *Yeesu faj na boroom rab*

32 Naka lañuy dem, ñu jekki indil ko ab
luu bu rab jàpp.
33 Yeesu daldi dàq rab wa, luu ba wax,
mbooloo ma waaru, naan: «Guléet lu mel
nii feeñ ci Israayil.»
34 Teewul Farisen ya naan: «Ci buuru
rab yi lay dàqe ay rab.»

### *Yeesu yërëm na mbooloo mi*

35 Ci kaw loolu Yeesu di wër mboolem
dëkk yu mag yaak yu ndaw ya, di leen
jàngal ci seeni jàngu, di yégle xibaaru jàmm
bu nguurug Yàlla, tey faj mboolem jàngoro,
ak mboolem wéradi.
36 Ba Yeesu gisee mbooloo ya, da leena
ñeewante, ndax na ñu sonne, ne yàcc,
mbete xar yu amul sàmm.
37 Mu daldi ne taalibeem ya: «Ngóob
mee yaatu, te surga yi néew.
38 Kon nag ñaanleen Boroom ngóob mi,
mu yebal ay surga cim ngóobam.»

* **9.13** Seetal ci *Ose* 6.6.

# 10

## *Yeesu yebal na fukki ndaw ya ak ñaar*

1 Ci kaw loolu Yeesu woo fukki
taalibeem ya ak ñaar, daldi leen jox
sañ-sañu faj jàngoro yépp ak wéradi yépp,
ak di dàq ay rab.
2 Fukki ndaw yaak ñaar nag, seeni tur a
ngii:
ki jiitu mooy Simoŋ mi ñuy wax Piyeer,
ak Àndre mi bokk ak moom ndey ak
baay,
ak Yanqóoba doomu Sebede, ak Yowaan
rakkam,
3 ak Filib ak Bartelemi,
ak Tomaa ak Macë, juutikat ba woon,
ak Yanqóoba doomu Alfe, ak Tade,
4 ak Simoŋ, Mbokki kuréelu
Moom-sa-réew ma,
ak Yuda Iskaryo, may mujj wor Yeesu.
5 Fukk ak ñaar ñooñu la Yeesu yebal, jox
leen ndigal, ne leen: «Buleen dem ci ñi dul
Yawut, buleen dem ci benn dëkku waa
Samari.
6 Ña ngeen di dem ca ñoom kay ñoo di
xari kër Israayil yi réer.
7 Demleen tey yégle ne: “Nguurug
asamaan dëgmal na.”
8 Ñi wopp, fajleen leen; ñi dee,
dekkalleen leen; gaana yi, setalleen leen;
rab yi, ngeen dàq leen. Yeena jot ay xéewal
ci dara, kon joxeleen ci dara.
9 Buleen yóbbu wurus mbaa xaalis mbaa
xànjar bu ngeen di fas ci seen geño,
10 mbaa mbuus mu ngeen di tukkee,
mbaa ñaari turki, mbaa yeneen carax,
mbaa aw yet, ndax ku ñaq, jariñu.
11 «Bépp dëkk bu mag mbaa bu ndaw bu
ngeen dugg, laajteleen ba xam ku ca yell,
ngeen dal ca moom, ba kera ngeen dem.
12 Bu ngeen duggee ci kër nag,
nuyooleen.
13 Su ko kër ga yeyoo, seen jàmm wàcc ca
ñoom. Lu ko moy, seen jàmm délsi ci yeen.
14 Fu ñu leen dalalewul, mbaa ñu
tanqamlu fa seeni wax, génnleen kër ga
mbaa dëkk ba, te ngeen faxas seen pëndub
tànk.
15 Maa leen ko wax déy, keroog bés-pénc,
dëkk boobu, waa réewum Sodom ak Gomor
ñoo koy gënu demin.
16 «Maa ngii di leen yebal, mbete ay xar
ci biiri bukki. Muusleen nag niy jaan, te
lewet niy pitax.
17 Waaye moytuleen nit ñi, ndax dees na
leen jàpp, jébbal leen pénci layoo ya, te dees
na leen caw ay yar ca seeni jàngu.
18 Dees na leen yóbbu ngir man ci kanam
boroomi dëkk, aki buur, ngir ngeen yékkati
kàdduy seede, ñeel leen, ñoom ak ñi dul
Yawut.
19 Bu ñu leen tegee loxo nag, buleen
jaaxle ci nu ngeen di waxe, ak lu ngeen di
wax, ndax dees na leen xamal ca waxtu
wa, la ngeen di wax;
20 ndax du yeenay wax, waaye Noowug
seen Baay mooy wax ci yeen.
21 «Doomu ndey dina wor doomu ndey,
ngir ñu rey ko, baay it wore noonu
doomam, te doom dina jógal waajuram, ba
reylu ko.
22 Te it ñépp a leen di bañ ndax sama
tur; waaye ku muñ ba muj ga, kooku dina
mucc.
23 Buñu leen bunduxataalee ci dëkk bii,
dawleen ca bee. Maa leen ko wax déy,
dungeen wër ba dajal dëkki Israayil yépp,
te Doomu nit ki dikkul.»
24 «Taalibe sutul kilifaam, te jaam sutul
sangam.
25 Ab taalibe, su demee ba mel ni
kilifaam, wàcc na; ab jaam it, su demee ba
mel ni sangam, wàcc na. Ndegam boroom
kër gi lañuy woowe Beelsebul, miy
Seytaane, astamaak waa këram.
26 Kon nag buleen leen ragal, nde
mboolem lu làqu, dees na ko feeñal, te lu
umpe, dees na ko xam.
27 Li ma leen wax ci biir lëndëm,
waxleen ko bëccëg ndarakàmm; li ñu leen
déey, biralleen ko ci kawi taax.
28 Te buleen ragal ñiy rey aw yaram, te
manuñoo rey jëmmu biir, waaye ragalleen
ki mana boole jëmmu biir ak aw yaram,
sànk ca biir sawara.
29 Ñaari picci ramatu, xanaa du dërëm
lay jar? Moona menn ci ñoom du daanu ci
suuf te soobul seen Baay.
30 Seen kawari bopp sax, waññees na
lépp.
31 Kon nag buleen ragal dara, nde
ndiiraanu ramatu, yeena ko gën.

32 «Képp ku dëggal fi kanam nit ñi, ne
man nga féeteel, man ci sama wàllu bopp
itam, dinaa dëggal fa sama kanam Baay ba
fa asamaan, ne man nga féeteel.
33 Waaye képp ku weddi fi kanam nit ñi,
ne man nga féeteel, man ci sama wàllu
bopp itam dinaa weddi fa sama kanam
Baay ba fa asamaan, ne man nga féeteel.
34 «Te it buleen defe ne wàcce jàmm ci
kaw suuf moo ma indi; du jàmm, waaye
jaasi moo ma indi.
35 Ndaxte li ma indi moo di teqale doom
ju góor ak baayam; ak doom ju jigéen ak
ndeyam; ak jabar ak goroom.
36 Te it nooni nit ki, waa këram lay doon.
37 Ku ma gënalul sa ndey mbaa sa baay,
yeyoowuloo ma; ku ma gënalul sa doom ju
góor mbaa ju jigéen, yeyoowuloo ma.
38 Ku jëlul sa bantu bopp bu ñu lay daaj,
te topp ci man, yeyoowuloo ma.
39 Képp ku jot sa bakkan, dinga ko ñàkk,
te ku ñàkk sa bakkan ndax man, dinga ko
jotaat.
40 «Képp ku leen dalal nag, man nga
dalal, te ku ma dalal, dalal nga ki ma
yebal.
41 Ku dalal ab yonent ndax turu
yonentam, ci peyug yonent ngay ame
yool; te ku dalal aji jub ndaxug njubteem,
peyug aji jub ngay ame yool.
42 Te maa leen ko wax déy, kenn ci ñii
gëna tuut, képp ku ko may ab kaasu ndox
mu sedd doŋŋ, ndax da di sama taalibe,
doo ñàkk sag pey mukk.»

# 11

1 Ba Yeesu joxee ndigal yooyu, fukki
taalibeem ya ak ñaar ba noppi, da faa
bàyyikoo, ngir jàngaleji aka waare ca seen
dëkki gox ba.

### *Yaxya yónnee na ca Yeesu*

2 Gannaaw loolu Yaxya moo dégge ca
kaso ba, jëfi Almasi bi. Mu yónni nag ci
moom ay taalibeem,
3 ne ko: «Ndax yaw yaa di Ki wara ñëw,
am keneen lanuy séentu?»
4 Yeesu ne leen: «Li ngeen dégg te gis ko,
demleen àgge ko Yaxya.
5 Silmaxa yaa ngiy gis, lafañ yi di dox,
gaana yiy wér, tëx yiy dégg, néew yiy dekki,
néew-doole yiy dégg xibaaru jàmm bi.
6 Ku xàccul sa péeteek man nag,
ndokkalee yaw.»
7 Ba taalibey Yaxya demee, Yeesu daldi
wax ak mbooloo ma ci mbirum Yaxya, ne
leen: «Lu ngeen seetaani woon ca màndiŋ
ma? Xanaa barax bu ngelaw liy yëngal?
8 Kon lu ngeen seetaani woon? Boroom
yére yu rafet? Waaye boroom yére yu rafet
yi, ci këri buur lañu dëkk!
9 Kon nag lu ngeen seetaani woon? Ab
yonent? Waawaaw, maa leen ko wax, te
wees na ab yonent sax.
10 Ci moom moomu lañu bindoon ne:
"Maa ngii di yebal sama ndaw, mu jiitu la,
xàllal la saw yoon*."
11 Maa leen ko wax déy, li jigéen jur, ku sut
Yaxya masu cee feeñ. Waaye ki gëna tuut
ci nguurug asamaan a ko sut.
12 Ca jamonoy Yaxya ba léegi, nguurug
asamaan mu ngi jànkoonteek coono, ñiy
jëfe doole di ko jéema aakimoo.
13 Ndaxte mboolem yonent yi, ak yoonu
Musaa wax nañu, ba kera Yaxya di feeñ.
14 Te Yaxya moomu, ndegam man ngeena
jàpp li may wax, mooy Ilyaas mi waroona
délsi†.
15 Ku ami nopp nag, na dégg.
16 «Ana ku may niruleek niti tey jii? Ñu
ngi nirook xale yu toog ca pénc ma, di
awoonte, naan:
17 "Noo leen toxorool, fecculeen,
nu dëjal leen, yuuxuwuleen."
18 Ndaxte Yaxya daa dikk, lekkul, naanul,
ñu naay: "Aw rab la àndal."
19 Doomu nit ki ñëw, di lekk aka naan, ñu
naay: "Kee fuqle, naan-katub biiñ biiy
xaritook juutikat yeek bàkkaarkat yi!"
Waaye xel mu rafet, jëf ja mooy la koy
dëggal.»

### *Yéemu, tuub mbaa sànku*

20 Ci kaw loolu Yeesu ŋàññ na waa dëkk
ya fa mu def la ëpp cay kéemaanam, te taxul
ñu tuub.
21 Mu ne: «Wóoy ngalla yeen waa
Korasin, yeen waa Betsayda it, wóoy
ngalla yeen, nde kéemaan yi ame fi seen

* **11.10** Seetal ci *Malasi* 3.1. † **11.14** Seetal ci *Malasi* 3.23.

biir, su doon fa waa Tir, mbaa fa waa
Sidon la ame, kon bu yàgg lañu doon sol ay
saaku, xëppoo dóomu-taal, ngir tuub.
22 Waaye maa leen ko wax, keroog
bés-pénc, waa Tir ak Sidon a leen di gënu
demin, yeen.
23 Yeen waa Kapernawum nag, ndax
dees na leen yékkati ba asamaan am déet?
Xanaa ba fa njaniiw kay ngeen di wàcci,
nde kéemaan yi ame fi seen biir, su doon fa
Sodom la ame, fa la dëkk ba doon des ba
tey.
24 Waaye maa leen ko wax, keroog
bés-pénc, waa Sodom a leen di gënu
demin.»

## *Woote bu mag jib na*

25 Ca jamono yooyu la Yeesu àddu ne:
«Baay, Boroom asamaan ak suuf, sant naa
la, nde yaa làq lii boroom xam-xam yeek
boroom xel yi, xamal ko tuut-tànk yi,
26 nde loolu de, Baay, mooy li la soob.
27 Lépp la ma sama Baay dénk, te kenn
ràññeewul Doom ji, ku dul Baay bi; Baay bi
it, kenn ràññeewu ko, ku dul Doom ji, ak
képp ku ko Doom ji namma xamal.
28 «Mboolem yeen ñi loof ndax sëf bu diis,
ñëwleen ci man, man maa leen di noppal.
29 Tegooleen sama kilifteef te ngeen
jànge ci man, daldi dajeek noflaayal xol,
ndax maa lewet, woyof.
30 Sama kilifteef sedd na, te samab sëf
woyof.»

# 12

## *Yeesu, boroom bésub Noflaay*

1 Ca jamono yooyu la Yeesu doon dem,
ba jaare ci ay tool yu ñor, mu yemook
bésub Noflaay. Taalibeem ya nag xiif,
daldi tàmbalee fàq ay gub, di lekk.
2 Farisen ya gis ca, ne Yeesu: «Gisal, say
taalibee ngi def lu yoon mayewul ci bésub
Noflaay!»
3 Teewul Yeesu ne leen: «Xanaa jànguleen
la Daawuda defoon, ba mu xiifee, moom
ak ña mu àndaloon?
4 Ba Daawuda duggee ca kër Yàlla ga,
mburum teewal ma la lekk, te yoon
mayewul kenn ku ca lekk; du moom, du
ña mu àndaloon, xanaa sarxalkat ba doŋŋ*.
5 Am jànguleen ci yoonu Musaa, ne bésub
Noflaay, ci la sarxalkat ya ca kër Yàlla ga di
xëtte ndigalal ñàkka liggéey ci bésub
Noflaay, te taxu leena tooñ?
6 Waaye maa leen ko wax, ku sut kër
Yàllaa ngi fi teew.
7 Su ngeen xamoon lu lii di tekki: “Ngor
laa namm, dub sarax†,” kon dungeen sikk
jàmbur ñu deful dara,
8 ndax bésub Noflaay, Doomu nit ki
mooy boroom.»

## *Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

9 Ba loolu amee Yeesu jóge foofa, dem ca
seen jàngu ba.
10 Boroom loxo bu làggee nga fa woon.
Farisen ya nag laaj ko ne ko ndax yoon
maye na faj ci bésub Noflaay, ngir ñu man
koo tuumaal.
11 Yeesu ne leen: «Ana kan ci yeen mooy
am menn xar doŋŋ, mu daanu ci kàmb,
bésub Noflaay, te jàppu ko, génne?
12 Ñaata yoon la nit ëppe solo am xar?
Kon kay yoon maye na def lu baax, bésub
Noflaay.»
13 Ci kaw loolu mu ne waa ja: «Tàllalal sa
loxo!» Mu tàllal, loxo ba wér, ni ba ca des.
14 Ba loolu amee Farisen ya génn,
diisooji, ngir pexe mu ñu ko sànke.
15 Teewul Yeesu yég ko, daldi jóge foofa,
mbooloo mu bare nag topp ko, mu faj leen
ñoom ñépp,
16 te di leen femmu, ngir ñu bañ koo
siiwal.
17 Noonu la kàddu ga ñu waxoon ci
jottalib Yonent Yàlla Esayi, mate. Mooy ba
mu nee:
18 «Sama ndaw lii laa tànn,
muy sama soppey xol,
maay sol sama Xel ci moom,
ba mu yégal xeet yi yoonu àtte.
19 Du xuloo, du xaacu,
baatam du dégtoo mbedd ya.
20 Barax bu lemu sax, du ko damm,
leer gu giim, du ko fey,
ba kera mu mayee njub, ndam,
21 te aw turam la xeet yiy yaakaar‡.»

* **12.4** Seetal ci *1.Samiyel* 21.2-7. † **12.7** Seetal ci *Ose* 6.6. ‡ **12.21** Seetal ci *Esayi* 42.1-4.

## *Yeesu faj na boroom rab bu gumba, luu*

22 Gannaaw loolu ñu indil Yeesu boroom
rab bu gumba, luu. Yeesu faj ko, ba muy
wax, di gis.
23 Mbooloo mépp nag yéemu, naan:
«Xanaa kii du Sëtub Daawuda bi?»
24 Teewul ba Farisen ya déggee loolu
dañu ne: «Kii xanaa du ci Beelsebul buuru
rab yi doŋŋ lay dàqe ay rab!»
25 Teewul Yeesu ràññee seen xalaat, ne
leen: «Gépp nguur guy xàjjalikoo ci biiram,
day tas, te bépp dëkk mbaa kër guy
xàjjalikoo ci biiram, du mana yàgg.
26 Seytaane nag su dàqee Seytaane, indi
na xàjjalikoo ci biiram; te kon ana nu
nguuram di yàgge?
27 Te bu fekkee ne man Beelsebul laay
dàqe rab yi, seen ñoñ nag ñoom, kan lañuy
dàqe ay rab? Kon kay seen ñoñ a leen
tiiñal.
28 Waaye su dee Noowug Yàlla laay dàqe
rab yi nag, kon nguurug Yàlla agsi na ba ci
yeen.
29 «Ana nu nit mana dugge ci kër ponkal,
yóbbu alalam, te njëkkula yeew ponkal mi
ba noppi, doora mana toj kër ga.
30 Ku farul ak man nag, man ngay xeex,
te ku àndul ak man di dajale, yaa ngi
tasaare.»

## *Sosal Noowug Yàlla moo yées*

31 «Moo tax ma ne leen, bépp bàkkaar, ak
gépp kàddug saaga Yàlla, dees na ko jéggale,
waaye saaga Noowug Yàlla, deesu ko
jéggale.
32 Ku jëme kàddug safaan ci Doomu nit
ki, dees na ko jéggal, waaye ku jëme kàddug
safaan ci Noo gu Sell gi, deesu ko jéggal
mukk, du tey, du ëllëg.
33 «Yaar garab gi baax, meññeefam baax,
mbaa garab gi bon, meññeefam bon; nde
garab, meññeefam.
34 Njurum jaan mi ngeen doon, nu
ngeen mana waxe lu baax, te di ñu bon?
Gémmiñ, la fees xolu boroom lay wax.
35 Nit ku baax, ci dencub ngëneel lay jële
lu baax, nit ku bon it, ci dencub safaanam
lay jële lu bon.
36 Maa leen wax ne leen, gépp kàddug
neen gu nit masa wax, dina ko layoo kera
bés-pénc.
37 Ndax kat ci sa kàddu lees lay joxe dëgg,
ci sa kàddu it lees lay daane.»

## *Yonent Yàlla Yunus doy na firnde*

38 Ci kaw loolu ay firikati yoonu Musaa
ak ay Farisen wax ak Yeesu ne ko: «Kilifa
gi, danoo bëgg firnde ju bawoo ci yaw.»
39 Yeesu ne leen: «Maas gu bon gu ñàkk
kóllëre, firnde lañuy wut, waaye deesu
leen jox jenn firnde ju moy firndey Yonent
Yàlla Yunus.
40 Ndax na Yunus nekke woon ca biir
rabu géej wu mag wa, ñetti bëccëg ak ñetti
guddi, noonu la Doomu nit ki di nekke ci
biir xolu suuf, ñetti bëccëg ak ñetti guddi.
41 Waa réewum Niniw it keroog àtte ba
dinañu taxaw, layook niti tey jii, tiiñal
leen, ndax ñoo tuube woon ca waareb
Yunus§, te tey jii, ku sut Yunus a ngi fi.
42 Keroog àtte ba, Lingeeru bëj-saalum
dina jóg, janook niti tey jii, tiiñal leen;
ndax moo bàyyikoo woon ca catal àddina,
ngir déglusi xam-xamu Suleymaan*, te tey
jii, ku sut Suleymaan a ngi fi.
43 «Aw rab nag, bu jàppee nit ba bàyyi ko,
day wër béreb yu fendi, di wut fu mu
noppaloo, te du ko gis.
44 Su ko defee mu ne: “Ca sama kër ga
ma jóge woon laay dellu.” Bu dikkee, fekk
kër gi wéet, buube, defare ba jekk.
45 Day dem nag indi yeneen juróom ñaari
rab yu ko yées, ànd ak ñoom, ñu bokk
sancsi; su ko defee ni nit kiy mujje mooy
yées na mu jëkke. Noonu lay deme ci niti
tey ñu bon ñii.»

## *Déggal Yàllaa gën bokk ak Yeesu*

46 Yeesu moo doon wax ak mbooloo ma,
yaayam ak ay rakki Yeesu jekki dikk,
taxaw ci biti, bëgga wax ak moom.
47 Kenn ca mbooloo ma ne ko: «Sa yaay
ak say rakk kat, ñu ngi taxaw ci biti, bëgga
wax ak yaw.»
48 Teewul Yeesu ne ko: «Ana kan mooy
sama yaay, ak ñan ñooy samay rakk?»
49 Mu daldi joxoñ ay taalibeem, ne: «Ñii
ñooy sama yaay ak samay rakk,

§ **12.41** Seetal ci *Yunus* 1.2; 3.4-5. * **12.42** Seetal ci *2.Jaar-jaar ya* 9.1-12.

50 ndax kuy jëfe sama coobarey Baay ba
fa asamaan, kooku moo di sama rakk ju
góor, di samab jigéen, di sama yaay.»

# 13

## *Jiwu wuute na aw demin*

1 Bésub keroog booba la Yeesu jóge kër
ga, dem toog ca tàkkal dex ga.
2 Mbooloo mu bare daje fa moom, ba
mu mujj dugg ci gaal, toog; mbooloo mépp
taxaw ca tàkk ga.
3 Ci kaw loolu Yeesu wax leen lu bare ciy
léeb. Mu ne leen: «Dama ne, boroom jiwu
moo demoon jiwi.
4 Naka lay saaw ab toolam, ndeke lenn
ca jiwu maa nga tuuru ca kaw yoon wa,
picc yi dikk, lekk ko.
5 Leneen la nag tuuru fu barey doj, te
suuf sa néew. Mu ne coleet ca saa sa, ndax
la suuf sa xóotul.
6 Teewul ba jant bi jógee, mu lakk, daldi
wow, ndax ñàkkub reen.
7 Leneen la tuuru ca xaaxaam ma,
xaaxaam ma sëq, tanc ko.
8 La des ca jiwu ma nag tuuru ca suuf su
baax, ba meññ; wii fepp meññal téeméer;
wee, juróom benn fukk; wale, fanweer.
9 Ku ami nopp, na dégg.»

## *Ku déggadi la Yeesu di léeb*

10 Gannaaw loolu ay taalibeem dikk,
laaj ko ne ko: «Lu tax ngay wax ak nit ñi ci
ay léeb?»
11 Mu ne leen: «Yeen lañu may ngeen
xam mbóoti nguurug asamaan, waaye
ñale, mayeesu leen ko.
12 Ndax ku am, dees na ko dolli, ba mu
barele; waaye ku amul, la mu am as néew
sax, dees na ko nangu.
13 Ci ay léeb laay wax ak ñoom, ngir ñuy
xoole te duñu gis, di déglu te duñu dégg,
duñu xam.
14 Kàdduy waxyu ya Esayi jottali, ci ñoom
la sottee. Mooy ba mu nee:
“Yeenay dégloo déglu, dungeen dégg;
di xoolee xoole, dungeen gis.
15 Ndax xolu xeet wee, dërkiis;
seeni nopp fatt,
ñu gëmm fatuus,
ngir seeni gët du gis,
seeni nopp du dégg,
seen xol it du yég,
ba ñu dëpp, ma wéral leen*.”
16 «Waaye ndokkalee yeen, nde seeni gët
a ngi gis, seeni nopp di dégg!
17 Maa leen ko wax déy, bare na ay
yonent ak nit ñu jub ñu nammoona gis li
ngeen gis te gisuñu ko, ak itam dégg li
ngeen dégg te dégguñu ko.

## *Yeesu firi na léebu jiwu mi*

18 «Kon nag yeen dégluleen pirim léebu
boroom nji mi.
19 Képp ku dégg kàddug nguurug Yàlla, su
ko xamul, ku bon ki mooy dikk, këf jiwu
mi ci xolam; kooku mooy ki jote jiwu mi ci
kaw yoon wi.
20 Ki jote jiwu mi fu barey doj nag, mooy
ki dégg kàddu gi rekk, nangoo ko xol bu
sedd ci saa si.
21 Waaye ab reen la jotula saxle ci
biiram, moo tax du ko wéye. Bu coono
dikkee, mbaa ñu bunduxataal ko ndax
kàddu gi, day dellu gannaaw ci saa si.
22 Ki jote jiwu mi ci xaaxaam yi, mooy ki
déglu kàddu gi, te xalaati àddina ak naxey
alal fatt kàddu gi, ba tax meññul.
23 Ki jote jiwu mi ci suuf su baax si nag,
mooy ki déglu kàddu gi, dégg ko, ba
meññal, muy lu mat téeméeri yoon lu ëpp li
ñu ji woon; muy juróom benn fukk mbaa
fanweer.»

## *Ab jëmb misaal na nguurug Yàlla*

24 Yeesu léebati leen, ne leen: «Nguurug
asamaan dafa mel ni nit ku ji jiwu mu
baax cib toolam.
25 Naka la nit ñay nelaw, ab noonam
dikk, ji ab jëmb ci biir pepp mi, daldi dem.
26 Ba pepp ma saxee ba defi gub, jëmb ba
itam feeñ.
27 «Ba loolu amee surgay boroom kër ga
dikk ne boroom kër ga: “Sang bi, xanaa du
jiwu mu baax nga jiwoon ci sa tool bi?
Ana kon fu jëmb bi jóge?”
28 Mu ne leen: “Ab noon a def loolu.”
Surga ya ne ko: “Tee noo dem, wolli ko?”
29 Mu ne leen: “Déedéet, lu ko moy ngeen
wolli ko, ba far buddiwaale pepp mi.
30 Bàyyileen leen ñoom ñaar, ñu màgg, ba
ngóob jot. Bu ngóob jotee nag, góobkat yi

* **13.15** Seetal ci *Esayi* 6.9-10.

laay wax ne leen: 'Jëkkleena wolli jëmb bi, takk koy say, ngir lakk ko, te ngeen yeb pepp mi ci samam sàq.' "»

## *Doomu fuddën misaal na nguurug Yàlla*

31 Yeesu léebati leen, ne leen: «Nguurug asamaan dafa mel ni doomu fuddën bu nit jël, ji ko cib toolam.
32 Doomu fuddën moo gëna tuut ci mboolem jiwu, waaye bu saxee ba màgg, mooy sut ci gàncax gi, ba mujj di garab gu njanaaw yiy dikk, tàgg ciy caram.»

## *Lawiir misaal na nguurug Yàlla*

33 Yeesu léebati leen: «Nguurug asamaan dafa mel ni lawiir ju jigéen sàkk, def ko ci ñetti natti sunguf yu mag†, ba tooyal bépp mujj funki.»
34 Kàddu yooyu yépp, ay léeb la ko Yeesu waxe mbooloo ma. Waxu leen dara lu moy ci aw léeb.
35 Noonu la kàddu ga jottalikoo woon ci gémmiñu yonent ba, mate. Mooy ba mu nee:
«Ciy léeb laay waxe,
di biral mbir yu dale làqu ca njàlbéenu àddina‡.»

## *Yeesu firi na léebu jëmb bi*

36 Ci kaw loolu Yeesu yiwikoo ca mbooloo ma, daldi dugg ca kër ga. Taalibeem ya dikk ne ko: «Firil nu léebu jëmb bi sax ci tool bi.»
37 Yeesu ne leen: «Ki ji jiwu mu baax mi mooy Doomu nit ki.
38 Tool bi mooy àddina; jiwu mu baax moomu mooy niti nguurug Yàlla; jëmb bi di niti ku bon ki.
39 Noon bi ko ji mooy Seytaane; ngóob mi mooy tukkitel àddina, góobkat yi di malaaka yi.
40 Noonu ñu wollee jëmb ba, lakk ko, ni lay deme ca tukkitel àddina.
41 Doomu nit ki mooy yebal ay malaakaam, ñu wollee ci nguuram mboolem luy bàkkaarloo, ak mboolem defkati ndëngte,
42 sànni leen sawara; foofa lees di jooye aka yéyoo ndax mitit.
43 Su booba aji jub ñi dañu naa rànñ ni jant bi, fa seen nguurug Baay. Ku ami nopp, na dégg.»

## *Nguurug asamaan moo gën alal*

44 «Nguurug asamaan dafa mel ni alal ju ñu làq cib tool. Nit gis ko, làqaat, xol ba sedd, ba mu dem jaay mboolem lu mu am, jënd tool ba.
45 «Nguurug asamaan dafa mel it ni jula buy wut peri gànjar.
46 Mu gis nag per buy jar lu bare, daldi jaay mboolem lu mu am, ba jënd per ba.»

## *Mbaalum géej misaal na nguurug asamaan*

47 «Nguurug asamaan mel na it ni mbaal mu ñu sànni biir géej, mu jàpp wirgoy jën wu nekk.
48 Mbaal ma fees, ñu xëcc ba ci tefes gi, daldi toog, tànn yu baax yi, def ciy dàmba; yu bon yi, ñu sànni ca biti.
49 Noonu lay deme, ca tukkitel àddina. Malaaka yeey dem, seppi ñu bon ñi ci biir aji jub ñi,
50 sànni leen sawara. Foofa lees di jooye aka yéyoo ndax mitit.»

## *Dëgg yees na, yàgg na*

51 Yeesu nag laaj taalibe ya, ne leen: «Ndax xam ngeen lu loolu lépp di tekki?»
Ñu ne ko: «Waaw.»
52 Mu ne leen: «Kon nag bépp firikatu yoon bu ñu jàngal mbirum nguurug asamaan, dafa mel ni boroom kër bu yebbee cib dencam, lu yees ak lu yàgg.»

## *Nasaret gàntal na*

53 Ba Yeesu sottalee ca léeb yooyu la fa bàyyikoo,
54 daldi dellu dëkk ba mu yaroo. Mu di leen jàngal nag ca seen jàngu, ba ñu yéemu naan: «Ana fu kii jële bii xam-xam, ak yii kéemaan?
55 Xanaa kii du doomu minise bi? Xanaa du Maryaama mooy yaayam? Rakkam yu góor di Yanqóoba ak Yuusufa ak Simoŋ ak Yudd?
56 Xanaa du nook jigéenam ñépp a dëkk? Ana fu kii jële lii lépp nag?»
57 Ñu daldi gise mbir ma ag yabeel.

† **13.33** ***ñetti natti sunguf*** mu ngi tollu ci 25 kilo. ‡ **13.35** Seetal ci *Taalifi cant* 78.2.

Yeesu nag ne leen: «Ab yonent, deesu ko
xeebe fenn fu moy réewu boppam ak ci
biir waa këram.»
58 Yeesu defu fa kéemaan yu bare ndax
seen ngëmadi.

# 14

### *Yaxya faatu na*

1 Ci jamono yooyu la Erodd boroom
Galile dégg turu Yeesu.
2 Mu ne ay surgaam: «Kooku mooy
Yaxya. Moo dekki noonu, moo waral
xam-xam yu kéemaane yi feeñe ci moom.»
3 Erodd nag moo jàppoon Yaxya, yeew
ko, tëj, ndax gannaaw ba Erodd jëlee
Erojàdd jabaru Filib magam,
4 Yaxya moo wax Erodd, ne ko yoon
mayu ko mu denc ndaw si.
5 Erodd nag bëgga rey Yaxya, te ragal nit
ña, ndax yonent ga ñu ko jàppe woon.
6 Ba ñu demee bay baaxantal bésu
juddub Erodd, doomu Erojàdd ju jigéen
fecc ca géew ba, Erodd am ca mbégte,
7 ba dig ko ci kaw ngiñ ne ko: «Loo laaj,
ma jox la ko.»
8 Ndaw sa nag wax Erodd, ci ndigalal
yaayam, ne ko: «Indil ma fii boppu Yaxya
ci ndab.»
9 Aw tiis nag dikkal Buur Erodd, ndax
ngiñ la, ak gan ña. Teewul mu joxe ndigal
ngir ñu jox ko ko,
10 daldi yónnee, ñu dog boppu Yaxya ca
kaso ba.
11 Ci kaw loolu ñu indi bopp bi ci ndab,
jox ko janq ba, mu yót yaayam.
12 Ba mu ko defee taalibey Yaxya dikk,
yóbbu néew ba, denc ko. Ñu dem nag, wax
ko Yeesu.

### *Yeesu leel na mbooloo*

13 Ba Yeesu déggee loolu da faa bàyyikoo,
dugg gaal, jëm béreb bu wéet, ngir beruji
fa. Teewul nit ña yég ko, bàbbeekoo ca dëkk
ya, leru tefes gi, topp ko.
14 Ba mu wàccee ca gaal ga, mbooloo mu
réy la gis. Mu ñeewante leen, daldi faj seeni
jarag.
15 Ca ngoon sa taalibe yi dikk, ne ko: «Fii
àllub neen la, te guddi na xaat. Dangay
yiwi mbooloo mi, ngir ñu dem ci dëkk yu
ndaw yi, jënd ag lekk.»
16 Teewul Yeesu ne leen: «Jarul ñu dem,
yeen joxleen leen lu ñu lekk.»
17 Ñu ne ko: «Amunu fi lu dul juróomi
mburu ak ñaari jën.»
18 Yeesu ne leen: «Indilleen ma ko fii.»
19 Ci kaw loolu Yeesu sant mbooloo ma,
ñu toog ca ñax ma. Mu jël juróomi mburu
ya ak ñaari jën ya, xool kaw asamaan, daldi
yékkati kàddug cant, dagg mburu ma, jox
ko taalibe ya, ñu séddale ko mbooloo ma.
20 Ñépp lekk ba regg, ba ñu yóbbu desit
ya, muy fukki pañe ak ñaar yu fees.
21 Ña ca xéewlu nag juróomi junni (5 000)
góor lañu, limaaleesul jigéen ña ak gone ya.

### *Yeesu dox na ca kaw ndox ma*

22 Ci kaw loolu Yeesu duggloo taalibeem
ya ca gaal ga, ngir ñu jàllagum, jiituji ko ca
wàlla, ba kera mu yiwi mbooloo ma.
23 Mu yiwi mbooloo ma, daldi yéegi ca
tund wa, ngir ñaan. Ba guddi jotee moom
doŋŋ a fa nekkoon.
24 Booba gaal ga dem na xaat ba dànd
tefes ga, diggante bu takku, gannax ya di
ko baaje, ndax ngelaw la leen soflu.
25 Ba suuf seddee, Yeesu dox ci kaw dex
gi, wutsi leen.
26 Taalibe ya gis ko, muy dox ca kaw dex
ga, ñu daldi jommi, naan: «Njuuma la!» di
yuuxoo ndax tiitaange.
27 Yeesu wax ak ñoom ca saa sa, ne leen:
«Dalleen, man mii la, buleen tiit!»
28 Piyeer nag ne tonet, ne ko: «Sang bi, su
dee yaw, sant ma, ma dox ci kaw ndox mi,
ba ci yaw.»
29 Yeesu ne ko: «Kaay!» Piyeer wàcce ca
gaal ga, dox ci kaw ndox mi, jëm ca Yeesu.
30 Teewul ba mu gisee na ngelaw la
riddee, dafa tiit, tàmbalee suux. Mu àddu ca
kaw, ne: «Sang bi, wallu ma!»
31 Yeesu daldi tàllal loxoom, jàpp ko, ne
ko: «Yaaka néew ngëm, ana looy xel ñaar?»
32 Ci kaw loolu ñu dugg ca gaal ga,
ngelaw la dal.
33 Taalibe ya ca gaal ga nag sujjóotal ko,
ne ko: «Aylayéwén, yaa di Doomu Yàlla ji.»
34 Ba loolu amee ñu jàll dex ga, daldi
teeri ca diiwaanu Senesaret.
35 Niti gox ba xàmmee Yeesu, daldi
yónnee ca diiwaan bépp, indil ko mboolem
ña wopp.

36 Ci biir loolu ñuy sarxu Yeesu, ngir mu
may leen ñu laal lu mu néew néew catu
mbubbam, te képp ku ca laal wér nga péŋŋ.

# 15

## *Farisen aada la jiital*

1 Ca jamono yooyu la ay Farisen ak ay
firikati yoonu Musaa bàyyikoo Yerusalem,
dikk ba ci Yeesu, ne ko:
2 «Lu tax say taalibe di jalgati aaday
maam yi, ba duñu raxas seeni loxo, bala
ñoo lekk?»
3 Yeesu nag ne leen: «Yeen itam lu tax
ngeen di jalgati santaaneb Yàlla, ndax
seen aaday bopp?
4 Ndax Yàlla da ne: “Teralal ndey ak
baay[*],” neeti: “Ku saaga sa ndey mbaa sa
baay, dee rekk mooy àtteem[†].”
5 Te yeen ngeen ne: “Ku ne sa ndey
mbaa sa baay: ‘Li ma warlook yaw, jébbal
naa ko Yàlla,’
6 kooku wàccoo na ak warugaru teral
baayam.” Kon kay neenal ngeen kàddug
Yàlla ndax seen aaday bopp.
7 Jinigalkat yi ngeen doon, Esayi yey na,
ba mu jottalee kàdduy waxyu ci seen mbir,
ne:
8 “Askan wii, làmmiñ lañu may wormaale,
waaye seen xol sore na ma.
9 Seen njaamu Yàlla neen la,
seen njàngale di santaaney niti kese[‡].”»
10 Ci kaw loolu Yeesu woo mbooloo ma,
ne leen: «Dégluleen te amug dégg.
11 Du li dugg ci gémmiñ mooy sobeel nit
ki, waaye liy génne ci gémmiñ, loolu mooy
sobeel nit ki.»
12 Ba loolu amee taalibe ya dikk ne ko:
«Ndax xam nga ne, ba Farisen yi déggee
kàddu googu, mer nañu?»
13 Yeesu ne leen: «Gépp gàncax gu sama
Baay ba fa asamaan jëmbatul, dees na ko
buddi.
14 Bàyyileen leen, ay gumba yuy
wommat ay gumba lañu; gumba nag, su
dee wommat gumba, ñoom ñaar ay ànd
tàbbi ci kàmb.»
15 Piyeer nag ne Yeesu: «Firil nu léeb
woowu.»
16 Yeesu ne ko: «Kon yeen itam
amuleenug dégg ba tey?
17 Xamuleen ne, lépp lu dugg ci gémmiñ,
ci koll bi lay dugg, balaa jàll, génneji
gannaaw kër?
18 Li génne ci gémmiñ nag ci xolu boroom
la jóge, te loolu mooy sobeel nit ki.
19 Ndaxte ci xol la mébét yu bon di jóge,
ak bóom, ak njaaloo, ak séy yi yoon tere, ak
càcc, ak seede lu dul dëgg, ak saaga.
20 Yooyu mooy sobeel nit ki, waaye lekk
te raxasuwuloo sobeelul nit.»

## *Yeesu baaxe na jàmbur bu dul yawut*

21 Gannaaw loolu Yeesu jóge fa, dem
diiwaanu Tir ak Sidon.
22 Ci kaw loolu as ndawas Kanaaneen
jekki jóge ca gox booba, di wax ca kaw,
naan: «Sang bi, Sëtub Daawuda, yërëm ma!
Sama doom ju jigéen la rab jàpp, mu sonn
lool.»
23 Yeesu nag tontuwu ko baat, taalibeem
ya dikk ne ko: «Dàqal kii nu topp, di yuuxu
ci sunu kaw!»
24 Yeesu daldi ne: «Yebaleesu ma fu dul ci
xari bànni Israayil yi réer.»
25 Teewul ndaw sa dikk, sujjóotal ko, ne
ko: «Sang bi, dimbali ma!»
26 Yeesu ne ko: «Jël ñamu gone yi, sànni
ko kuti yi, jaaduwul.»
27 Ndaw sa ne ko: «Dëgg la, Sang bi,
waaye teewul kuti yi for ca la ruuse ca
seen ndabal boroom.»
28 Yeesu nag ne ko: «Ndaw sii, yaaka réy
ngëm. Kon nag na la amal noonu nga ko
bëgge.» Ca waxtu woowa la doom ja wér.

## *Yeesu faj na ñu wopp*

29 Ba mu ko defee Yeesu bàyyikoo foofa,
dem ca tàkkal dexu Galile. Mu yéeg ca kaw
tund wa, toog fa.
30 Mbooloo mu bare dikk, ànd aki lafañ,
ak ay gumba, ak boroomi laago, aki luu,
ak boroom jàngoro yu bare. Ñu indi leen fa
kanam Yeesu, mu faj leen,
31 ba mbooloo ma waaru ca lañu gis luu
ya di wax, boroom laago ya wér, lafañ ya
di dox, gumba ya di gis. Ñu daldi sàbbaal
Yàllay Israayil.

## *Yeesu leelati na mbooloo*

32 Gannaaw loolu Yeesu woo taalibeem
ya, ne leen: «Damaa yërëm mbooloo mi,
ndax ñetti fan a ngii yu ñu nekk ak man, te

* **15.4** Seetal ci *Mucc ga* 20.12. † **15.4** Seetal ci *Mucc ga* 21.17. ‡ **15.9** Seetal ci *Esayi* 29.13.

amuñu lu ñu lekk. Bëgguma leena yiwi, ñu
deme xiif, bala ñoo tële ci yoon wi.»
33 Taalibe ya ne ko: «Waaye fu nuy jële ci
àll bu wéet bi mburu mu suur mbooloo
mu réye nii?»
34 Yeesu ne leen: «Ñaata mburu ngeen
am?» Ñu ne ko: «Juróom ñaari mburu ak as
jën.»
35 Ba mu ko defee Yeesu sant mbooloo
ma ñu toog ci suuf.
36 Mu jël juróom ñaari mburu ya ak jën
ya, daldi yékkati kàddug cant, dagg mburu
ma, jox taalibe ya, ñu jox mbooloo ma.
37 Ñépp lekk ba regg, te desit wa ñu
yóbbu di juróom ñaari dàmba yu fees.
38 Ña ca lekk ñeenti junniy (4 000) góor
lañu, te limaaleesul jigéen ña ak gone ya.
39 Ba loolu amee Yeesu yiwi mbooloo
ma, daldi dugg gaal, jàll ba diiwaanu
Magadan.

# 16

## *Diiŋatkat laaj na firnde*

1 Ay Farisen ak ay Sadusen nag ñoo
dikkoon ci Yeesu, di ko fiir, ne ko: «Firnde
ju bawoo asamaan lanu bëgg, nga won nu
ko.»
2 Yeesu ne leen: «Su ngoonee ngeen ne:
“Ëllëg de day naaj, nde asamaan si daa
xonq.”
3 Su dee ag suba ngeen ne: “Tey dina
taw, asamaan saa ngi xiin, xonq curr.”
Kon man ngeena ràññee melow asamaan,
te manuleena ràññee firndey janti tey.
4 Maas gu bon te ñàkk kóllëre gi ngeen
doon, firnde ngeen di wut, waaye
deesuleen jox jenn firnde ju moy firndey
Yunus.» Gannaaw loolu, mu bàyyikoo fa
ñoom, dem.

## *Misaal tiiñ na taalibe ya*

5 La ca tegu, taalibe ya jàllaat dex ga,
ndeke fàtte nañoo yóbbaale mburu.
6 Yeesu ne leen: «Wattuleen te moytu
lawiiru Farisen ñi ak Sadusen ñi.»
7 Taalibe ya nag di werante ci seen biir
naan: «Nun de yóbbaalewunu mburu.»
8 Yeesu xam la ñuy wax, ne leen:
«Yeenaka néew ngëm, lu ngeen di werante
ci seen biir, naan amuleen fi mburu?
9 Kon xamaguleen ba tey, fàttalikuwuleen
it juróomi mburu ya ca juróomi junniy
(5 000) nit ña, ak ñaata pañey desit ngeen ca
jële?
10 Juróom ñaari mburu ya ca ñeenti
junniy (4 000) nit ña nag, ñaata dàmbay
desit ngeen ca jële?
11 Nu ngeen mana umplee ne du
mburoo ma tax di wax, ne ngeen wattu
lawiiru Farisen ñeek Sadusen ñi?»
12 Ca lañu doora xam ne du lawiiru
mburoo ko tax di wax, waaye njàngalem
Farisen ña ak Sadusen ña, moom la leen
wax ñu wattu ko.

## *Piyeer dégg na ndéey*

13 Ba Yeesu demee ca diiwaan ba féete
péeyu Sesare gu Filib, mu laaj taalibeem
ya, ne leen: «Ana ku nit ñi wax ne mooy
Doomu nit ki?»
14 Taalibe yi ne ko: «Ñii de nee ñu Yaxya
la, ñee ne, Ilyaas la; ñale ne Yeremi la,
mbaa keneen ci yonent yi.»
15 Yeesu ne leen: «Yeen nag, ngeen ne
maay kan?»
16 Simoŋ Piyeer ne ko: «Yaa di Almasi bi,
Doomu Yàlla Aji Dund ji.»
17 Yeesu ne ko: «Ndokkalee yaw, Simoŋ
doomu Yowaan, ndax nit xamalu la ko,
xanaa sama Baay ba fa asamaan.
18 Man nag maa ne la, yaa di Piyeer, doj
wi; ci kaw doj wii it laay samp mbooloom
gëmkat ñi, te dooley dee du ko manal dara.
19 Maa lay jox caabiy nguurug asamaan,
te loo yeew ci kaw suuf, yeewees na ko fa
asamaan; loo yiwi ci kaw suuf it, yiwees
na ko fa asamaan.»
20 Gannaaw loolu Yeesu dénku taalibe yi,
ngir ñu baña wax kenn ne mooy Almasi bi.
21 Ci jamono yooyu la Yeesu tàmbalee
xamal taalibeem ya ne fàww mu dem
Yerusalem, ba daje fa ak coono yu bare yu
bawoo ca magi askan wa, ak sarxalkat yu
mag ya, ak firikati yoonu Musaa ya, te
dees na ko rey, ba ñetteelu fan ba, mu
dekki.
22 Ci kaw loolu Piyeer ñaarook moom,
tàmbali koo femmu, ne ko: «Yàlla tere,
Sang bi, loolu du la dal mukk.»
23 Teewul Yeesu geestu, ne Piyeer:
«Seytaane, xiddi ma, te dellu gannaaw, yaa

ngi may gàllankoor; yaw xalaatoo yëfi Yàlla,
waaye yëfi nit ngay xalaat.»
24 Gannaaw loolu Yeesu ne taalibeem
ya: «Ku bëgga dikk topp ma, fàtteel sa bopp
te nga gàddu sa bant bi ñu lay daaj, door
maa topp.
25 Ndaxte képp ku bëgga rawale sa
bakkan, dinga ko ñàkk, te ku ñàkk sa
bakkan ndax man, dinga ko jotaat.
26 Te it jagoo àddina sépp lu muy jariñ nit,
bu ñàkkee bakkanam? Ak lu nit wara
mana weccee bakkanam?
27 Doomu nit ki de mooy dikke darajay
Baayam, ànd aki malaakaam, te su boobaa
mooy fey ku nekk ay jëfam.
28 Maa leen ko wax dëgg, ñenn a ngi taxaw
fii, duñu dee te gisuñu Doomu nit ki ñëw ci
nguuram.»

# 17

## *Leeru Yeesu feeñ na*

1 Ba ñu ca tegee juróom benni fan, Yeesu
ànd na ak Piyeer ak Yanqóoba ak Yowaan
rakku Yanqóoba, yóbbu leen kaw tund wu
kawe, ngir wéetook ñoom.
2 Mu soppiku fa seen kanam, xar
kanamam di melax nib jant, ay yéreem
weex nig leer.
3 Ci kaw loolu Yonent Yàlla Musaa ak
Yonent Yàlla Ilyaas jekki feeñu leen, di
waxtaan ak Yeesu.
4 Piyeer nag ne Yeesu: «Sang bi, su nu
toogoon fii de, mu baax ci nun. Soo
nangoo ma yékkati fii ñetti mbaar, benn
yaw, benn Musaa, benn Ilyaas.»
5 Naka lay wax ba tey, niir wu leer yiir
leen, baat jekki jibe ca niir wa ne: «Kii
mooy sama Doom, sama soppe, moom
laay bànneexoo; dégluleen ko.»
6 Ba ca taalibe ya déggee, dañu ne dàll,
dëpp seen jë fa suuf, tiit lool.
7 Yeesu dikk, teg leen loxoom, ne leen:
«Jógleen, buleen tiit.»
8 Ñu séentu ca kaw, gisuñu ku dul
mennum Yeesu doŋŋ.
9 Naka lañuy wàcce ca tund wa, Yeesu
sant leen, ne leen «Buleen nettali kenn
peeñu mi, ba kera Doomu nit ki dekki.»
10 Ci kaw loolu taalibe ya laaj ko, ne ko:
«Lu tax nag firikati yoonu Musaa yi ne
fàww Ilyaas njëkka ñëw?»
11 Yeesu ne leen: «Waaw, Ilyaas kay mooy
ñëw, ba jubbanti lépp.
12 Maa leen wax nag ne leen Ilyaas ñëw
na ba noppi, waaye xàmmeesu ko, te it lu
leen neex lañu def ak moom. Noonu it la
Doomu nit ki nara sonne ci seeni loxo.»
13 Booba nag la taalibe ya xam ne
mbirum Yaxya la leen di wax noonu.

## *Yeesu faj na xale buy say*

14 Ba ñu dikkee ba jub mbooloo ma,
genn góor dikk, sukk fa kanamam,
15 ne ko: «Sang bi, yërëmal sama doom.
Day say te sonn na lool; léeg-léeg mu
daanu ci sawara, léeg-léeg mu daanu ci
ndox.
16 Indi naa ko ci say taalibe, waaye
manuñu koo faj.»
17 Yeesu nag ne: «Céy niti tey, yeena
gëmadi te dëng, maak yeen ba kañ? Dama
leen di muñal ba kañ?» Mu ne leen:
«Indilleen ma xale bi fii.»
18 Ci kaw loolu Yeesu gëdd rab wa, rab
wa génne ca xale ba, mu daldi wér ca
waxtu wa.
19 La ca tegu taalibe ya dikk ba ca Yeesu,
daldi koy laaj ci sutura, ne ko: «Lu waral
manunu woona dàqal sunu bopp, rab wi?»
20-21 Yeesu ne leen: «Xanaa seenug néew
ngëm. Maa leen ko wax dëgg, su ngeen
amee ci ngëm, lu tollu ni peppu fuddën,
dingeen ne tund wii: “Toxool fii, ba fale,”
mu toxu, te dara du leen të.»

## *Yeesu baamtu na ag mujam*

22 Ba Yeesu ak taalibe ya dajee ca
diiwaanu Galile nag, Yeesu da ne leen:
«Doomu nit ki lees di wor léegi, ngir teg ko
ci loxoy nit ñi;
23 dees na ko rey, mu dekki ca ñetteelu
fanam.» Ñu daldi am tiis wu réy lool.

## *Yeesu fey na lu ko warul*

24 Ba Yeesu ak taalibe ya agsee
Kapernawum, feyeekukati galagu kër
Yàlla ga ñoo dikk, ne Piyeer: «Xanaa seen
kilifa gi da dul fey galagu kër Yàlla gi*?»
25 Piyeer ne leen: «Ahakay!»

* **17.24 *galagu kër Yàlla*** googu, ñaari daraxma la. Seetal ci *Mucc ga* 30.13.

Ba ñu àggee ca kër ga, Yeesu jiitu Piyeer
ca wax ja, ne ko: «Ana luy sa xalaat ci lii,
Simoŋ? Ñan la buuri àddina di feyeeku ab
juuti mbaa galag? Seenug njaboot, am
doxandéem yi?»
26 Mu ne ko: «Xanaa doxandéem yi.»
Yeesu ne ko: «Kon nag ag pey wàcc na
njaboot gi.
27 Waaye bunu leen naqaral; demal ca
dex ga, nga sànni sab oos te ñoddi jën wa
nga njëkka jàpp. Boo ubbee gémmiñ ga,
dinga ca fekk ab poset†. Moom ngay jël,
dem, jox leen ko ngir maak yaw.»

# 18

### *Tuut tey, sut ëllëg*

1 Ca waxtu woowa la taalibe ya dikkoon
ne Yeesu: «Kon nag kan moo gëna kawe ci
nguurug asamaan?»
2 Yeesu daldi woo ab xale, taxawal ko ci
seen biir.
3 Mu ne leen: «Maa leen ko wax déy, su
ngeen dëppul, ba mujj mel niy xale,
dungeen tàbbi mukk ci nguurug asamaan.
4 Moo tax ku tuutal boppam ba mel ni
xale bii, kooku mooy ki gëna kawe ci
nguurug asamaan.
5 Te it ku dalal ci sama tur, xale bu mel
ni kii, man mii nga dalal.
6 Waaye ku bàkkaarloo kenn sax ci ñu
tuut ñii ma gëm, li gën ci moom mooy ñu
takk ci baatam doju wolukaay wu réy wu
mbaam di wëndeel, daldi koy sànni biir
xóotey géej.

### *Bàkkaarloo nit ak xeebaate warul*

7 «Wóoy ngalla àddina, ndax fiir yi ciy
bàkkaarloo. Fiir manula ñàkk, waaye wóoy
ngalla ka koy lal.
8 Su la sab loxo mbaa sab tànk bàkkaarloo
nag, dog ko, sànni fu sore, nde tàbbiwaale
ab kuuñ, mbaa bennub tànk ca dund gu
wóor ga, moo gën ci yaw ñu boole laak sa
ñaari loxo ak sa ñaari tànk, sànni la ca
sawara su dul fey.
9 Su la sa bët bàkkaarloo, luqil, sànni fu
sore, nde tàbbiwaale patt ca dund gu wóor
ga, moo gën ci yaw ñu boole laak sa ñaari
bët, sànni jànnama, ca sawara wa.
10-11 «Te it wattuleena xeeb kenn sax ci
ñu tuut ñii, ndax maa leen ko wax, seen
malaaka ya fa asamaan ñoo saxoo niir
sama kanamu Baay ba fa asamaan.

### *Yàlla bëggul kenn réer*

12 «Luy seen xalaat ci lii? Su nit amee
téeméeri xar, menn lajj ci, ndax du bàyyi
juróom ñeent fukki xar ya ak juróom ñeent
(99) ca parlukaay ba, te dem seeti ma lajj?
13 Te bu ko gisee, maa leen ko wax déy,
moom lay gëna bége juróom ñeent fukki
xar ak juróom ñeent ya lajjul.
14 «Seen Baay ba fa asamaan itam,
noonu. Bëggul kenn ci ñii gëna tuut, sànku.

### *Bàkkaaru biiri bokk laaj na ab saytu*

15 «Bu la sa mbokk tooñee, demal ñaarook
moom, yedd ko. Su la dégloo, yaa feeñle
mbokk mu réeroon.
16 Waaye su la dégluwul, àndal ak kenn
mbaa ñaar, ngir àtteb mbir mépp mana
wére ci kàddug ñaari seede ba ñett.
17 Su leen tanqamloo, wax ko
mbooloom gëmkat ñi. Su tanqamloo
mbooloom gëmkat ñi itam nag, nga def ko
ni ab yéefar ak ab juutikat.
18 Maa leen ko wax déy, lépp lu ngeen
yeew ci kaw suuf, dees na ko yeew fa
asamaan, te lépp lu ngeen yiwi fi kaw
suuf, dees na ko yiwi fa asamaan.
19 «Maa leen neeti, su ñaar ci yeen déggoo
ci kaw suuf, ci mboolem lu ñu ñaan, dees
na leen ko nangul ci sama dogalu Baay ba
fa asamaan,
20 ndax fu ñaar mbaa ñett dajee ci sama
tur, maa ngi ci seen biir.»

### *Ku ñu yërëm war naa yërëme*

21 Ca la Piyeer dikk ne Yeesu: «Sang bi,
ñaata yoon la ma sama mbokk di tooñ, ma
baal ko? Ndax day mat ba mu tollook
juróom ñaari yoon?»
22 Yeesu ne ko: «Newuma la juróom ñaari
yoon, waaye ba muy juróom ñaar fukki
yoon ak juróom ñaar.
23 «Moo tax nguurug asamaan dafa mel
ni buur bu bëgga xayma ni alalam tollook
ay jaraafam.

---

† **17.27** ***poset*** boobu ab estateer lañu koy wax.

* **18.24** ***talaŋ:*** mu wecci ay milyoŋ. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

24 Naka la tàmbalee xayma, ñu indil ko ku
ko ameel lu bare, tollu ci fukki junniy
talaŋ*,
25 te jaraaf ja amul lu mu feye. Sangam
joxe ndigal, ngir ñu jaay ko, moom ak
jabaram ak ay doomam ak mboolem
alalam, ngir fey bor ba.
26 Jaraaf ja ne gurub, sujjóotal ko, ne ko:
“Muñal ma, lépp laa lay fey.”
27 Sang ba nag yërëm jaraaf jooju, bàyyi
ko, baal ko bor ba.
28 «Jaraaf ja dem, dajeek moroomu
jaraafam mu ko ameel lu néew, tollu ci
téeméeri dinaar†. Mu jàpp ko, xoj ko, ne ko:
“Fey ma li nga ma ameel.”
29 Moroom ma ne gurub ci suuf, tinu ko,
ne ko: “Muñal ma, dinaa la fey.”
30 Teewul mu lànk, dem, tëj ko kaso, ba
kera muy fey la mu ko ameel.
31 «Ba moroomi jaraaf ya gisee la xew,
dañu koo tiislu lool, daldi dem, àgge
seenub sang mboolem la xew.
32 Sang ba nag woolu jaraaf ja, ne ko:
“Jaraaf ju soxor ji nga doon! Sa bor bépp
laa la baal, nde danga maa tinu.
33 Ni ma la yërëme, ndax waruloo koo
mana yërëme sa moroomu jaraaf?”
34 Sang ba mer, daldi koy jébbal
mititalkati kaso ba, ba kera muy fey bor
bépp.
35 «Noonu la sama Baay ba fa asamaan di
def ak yeen, su ku nekk ci yeen baalul
mbokkam ci xol bu sedd.»

# 19

## *Pase daganul*

1 Gannaaw ba Yeesu daaneelee kàddoom
yooyu ba noppi, dafa jóge Galile, dem
diiwaanu Yude, ca wàllaa dexu Yurdan,
2 mbooloo mu bare topp ko, mu faj leen
foofa.
3 Ci kaw loolu ay Farisen dikk, di ko fiir,
laaj ko, ne ko: «Ndax yoon maye na nit ku
fase jabaram ci lu mu mana doon?»
4 Yeesu ne leen: «Xanaa jànguleen ne, Ki
sàkk ca njàlbéen la leen sàkk ñuy ku góor ak
ku jigéen.
5 Yàlla moo ne: “Looloo tax góor di
teqalikook ndeyam ak baayam, taqoo ak
jabaram, ba ñoom ñaar di wenn suux
doŋŋ*”?
6 Moo tax dootuñu ñaar, waaye wenn
suux doŋŋ lañu. Lu Yàlla takk nag, bu ko
nit tas.»
7 Ñu ne ko: «Ana kon lu tax Musaa
santaane kayitu pase bu nit kiy jox
jabaram ngir fase ko†?»
8 Yeesu ne leen: «Seen dëgër xol a tax
Musaa may leen ngeen fase seen jabar,
waaye demewul woon noonu ca njàlbéen.
9 Te it maa leen ko wax, képp ku fase sa
jabar, te njaaloo taxul, boo séyaatee ak
keneen, njaaloo nga.»
10 Taalibe ya nag ne ko: «Su dee loolooy
àtteb góor ci jabaram kay, njariñ nekkul ci
takk jabar.»
11 Yeesu ne leen: «Du ñépp a xajoo googu
kàddu, xanaa ñi ñu ko jagleel rekk.
12 Am na ñu juddoo tële, am na ñu
pexem nit taxa tële, te am na ñu mel ni
dañoo tële, waaye ñoo ko bëggal seen bopp,
te nguurug asamaan tax. Ku ko mana
xajoo nag, xajoo ko.»

## *Gone am na yelleef*

13 Gannaaw loolu ay xale lañu indiloon
Yeesu, ngir mu teg leen ay loxoom, ñaanal
leen. Teewul taalibe ya jànni leen.
14 Yeesu nag ne leen: «Bàyyileen xale yi,
te buleen leen aaye ñu ñëw fi man, ndax
ñu mel ni ñoom, ñoo yelloo nguurug
asamaan.»
15 Ci kaw loolu Yeesu teg leen ay
loxoom, daldi fay bàyyikoo.

## *Alal gàllankoor na boroom*

16 Ci kaw loolu jenn waay jekki dikk, ne
ko: «Kilifa gi, ana lu baax lu may def, ngir
texe ba fàww?»
17 Yeesu ne ko: «Ana loo may laaj ci
mbirum lu baax? Te sax kenn doŋŋ ay ku
baax. Waaye soo bëggee tàbbi ci dund gu
wóor gi, sàmmal ndigal yi.»
18 Mu ne ko: «Yan ci?» Yeesu ne ko: «Bul
bóom, bul njaaloo, bul sàcc, bul seede lu
dul dëgg,

† **18.28** Mu wecci xaalis bu néewa néew. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi. * **19.5** Seetal ci *Njàlbéen ga* 1.27; 2.24. † **19.7** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 24.1. ‡ **19.19** Seetal ci *Mucc ga* 20.12-16; *Sarxalkat yi* 19.18.

19 teralal sa ndey ak sa baay, te ni nga soppe sa bopp, nanga ko soppe sa moroom‡.»

20 Xalelu góor ba ne ko: «Loolu lépp sàmm naa ko, lu ma deseeti?»

21 Yeesu nag ne ko: «Boo bëggee mat sëkk, demal jaay li nga am, nga jox ko néew-doole yi. Su ko defee nga woomle fa asamaan. Boo noppee, ñëwal topp ci man.»

22 Xalelu góor ba nag dégg kàddu ga, daldi fay jóge aku tiis ndax ku bare alal la woon.

23 Yeesu nag ne taalibeem ya: «Maa leen ko wax dëy, tàbbi ci nguurug asamaan dina jafe ku bare alal.

24 Ma waxati leen ko: Boroom alal tàbbi ci nguurug Yàlla, giléem jaare bën-bënu puso moo ko gëna yomb.»

25 Ba taalibe ya déggee loolu, dañoo yéemu ba ne ko: «Kon kan moo mana mucc nag?»

26 Yeesu nag ne leen jàkk, ne: «Loolu nit la të, waaye Yàlla man na lépp.»

27 Ca la Piyeer ne tonet, ne ko: «Waaw, nun ñii dëddu lépp, topp la nag, nu nuy mujje?»

28 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax dëy, keroog àddina ju yees ja, bu Doomu nit ki toogee ca jalub darajaam, yeen ñi ma topp itam, fukki gàngune ak ñaar ngeen di tooge, di àtte fukki giiri bànni Israayil ak ñaar.

29 Képp ku dëddu ay kër, mbaa ay doomi ndey yu góor mbaa yu jigéen, mbaa ndey mbaa baay, mbaa doom, mbaa suuf, ngir man, dinga ko jotaat téeméeri yoon, te dinga texe ba fàww.

30 Waaye ñu baree ngi jiitu tey, ñooy mujji, te ñu baree ngi mujje tey, ñooy jiituji.

# 20

### *Bëccëg woroo na te pey ga di benn*

1 «Nguurug asamaan dafa mel ni boroom kër bu teela xëy, di wut ay surga yu ko liggéeyal toolub reseñam.

2 Mu juboo ak liggéeykat ya ci bëccëg bu nekk peyug bëccëgu lëmm. Mu daldi leen yebal ca toolub reseñam.

3 Naka mu génn wetu juróom ñeenti waxtu ci suba, daldi gis ñeneen ñuy taxawaalu ca pénc ma, defuñu dara.

4 Mu ne leen: "Demleen yeen itam ca sama toolub reseñ, ma fey leen lu jaadu."

5 Ñu dem. Ci booru fukki waxtook ñaar ci bëccëg, mu dellu génn, fukki waxtook juróom itam, mu génnati, defati noona ba tey.

6 Wetug fukki waxtu ak juróom ñaar, mu génnati, dajeek ñeneen ñuy taxawaalu. Mu ne leen: "Lu ngeen di yendoo taxawaalu fii te defuleen dara?"

7 Ñu ne ko: "Dees noo jëlul." Mu ne leen: "Demleen yeen itam ca sama tool."

8 «Ba ngoon jotee, boroom tool ba ne ab jawriñam: "Wool surga yi, fey leen seen bëccëg, te nga tàmbalee ci ñi mujja ñëw, ba ci ñi jiitu."

9 Ci kaw loolu ña ñu jëloon ca booru fukki waxtu ak juróom ñaar dikk, ku ci nekk jot peyug bëccëgu lëmm.

10 Ña ñu njëkkoona jël dikk, yaakaar ne ñooy ëpple ag peyoor, te teewul ñu feyu, ñoom it, ku nekk peyug bëccëgu lëmm.

11 Ñu jël, tey sikk boroom kër ga,

12 naan: "Ñii mujja ñëw, liggéeyuñu lu moy wenn waxtu, nga yemale leen ak nun, ñi yenu coonob bëccëg bi, ak naaj wu tàng wi!"

13 Teewul boroom kër ga ne kenn ka: "Sama waay, tooñuma la. Xanaa juboowunu woon ci peyug bëccëgu lëmm?

14 Jëlal sa yëf te dem. Li ma la fey, moom laa yéenee fey kii mujja ñëw.

15 Xanaa damaa sañula def lu ma neex ci sama alal? Am sab xol a bon ci samag mbaax?"

16 Noonu la ñi mujj di jiitujee, ñi jiitu, mujje.»

### *Yeesu baamooti na ag mujam*

17 Gannaaw loolu nag Yeesu jëm Yerusalem, yóbbaale fukki taalibe yaak ñaar, wéetook ñoom, daldi leen xamal ca yoon wa ne leen:

18 «Noo ngii jëm Yerusalem, te dees na wor Doomu nit ki, jébbal ko sarxalkat yu mag yaak firikati yoonu Musaa ya, ñu teg ko àtteb dee,

19 jébbal ko jàmbur ñi dul Yawut, ñu
ñaawal ko, caw ko, daaj ko ci bant, mu dee;
ba ca ñetteelu fan ba, mu dekki.»

### *Taalibe ñaan na liy kumpa*

20 Booba la jabaru Sebede ànd ak
doomam yi mu am ak moom, ñu dikk ba
ca Yeesu. Jigéen ja sujjóot, ngir mbir mu
muy sàkku ci moom.
21 Yeesu ne ko: «Loo bëgg?» Mu ne ko:
«Mayal sama ñaari doom yii, ñu toog, kii
féete la ndijoor, kii féete la càmmoñ, keroog
ca sa nguur ga.»
22 Yeesu ne ko: «Xamuleen li ngeen di
ñaan. Mbaa kaasub naqar bi may naani,
man ngeen koo naan?» Ñu ne ko: «Man
nanu ko.»
23 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax déy,
sama kaasub naqar de, dingeen ko naan.
Tooge sama ndijoor mbaa sama càmmoñ
nag, du man maay maye loolu, waaye da
diy cér yu ñeel ña ñu ko waajalal, ci sama
dogalu Baay.»
24 Ba fukki taalibe ya ca des déggee mbir
ma, seen xol tàng ca ñaari doomi ndey ya.
25 Yeesu nag woo leen ne leen: «Xam
ngeen ne njiiti xeeti àddina yi dañuy def nit
ñi jaam, seeni kàngam di leen néewal doole.
26 Yeen nag, bumu deme noonu ci seen
biir. Képp ku bëgga doon ku màgg ci yeen,
na nekk seenub surga,
27 te ku bëgga nekk seen njiit, na doon
seenub jaam.
28 Noonu la deme ci Doomu nit ki, ñëwul
ngir ñu di ko surgawu, xanaa ngir di nekk
surga, ba far maye bakkanam, def ko
njotug ñépp.»

### *Yeesu faj na ñaari gumba*

29 Ba Yeesu bàyyikoo Yeriko, mbooloo
mu baree ko topp.
30 Ndeke ñaari silmaxaa nga tooge ca
peggu yoon wa. Ba ñu déggee ne Yeesu
mooy romb, dañoo xaacu, ne: «Sang bi,
Sëtub Daawuda, yërëm nu!»
31 Nit ña nag femmu leen, ngir ñu noppi.
Teewul gumba ya gëna xaacooti, ne: «Sang
bi, Sëtub Daawuda, yërëm nu!»
32 Yeesu daldi taxaw, woo leen, ne leen:
«Lu ngeen bëgg, ma defal leen ko?»
33 Ñu ne ko: «Sang bi, xanaa sunuy bët
ubbiku.»
34 Yeesu nag yërëm leen, laal seeni bët,
ñuy gis ca saa sa, daldi topp ca moom.

## 21

### *Yeesu dugg na Yerusalem*

1 Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya
dikk ba jub Yerusalem, ba agsi ca dëkk ba
ñuy wax Betfase ca wetu tundu Oliw ya.
Yeesu yebal ñaar ca taalibe ya,
2 ne leen: «Demleen ci dëkk bi ci seen
kanam. Bu ngeen agsee rekk, dingeen fa
gis mbaam mu ñu yeew ak cumburam;
yiwileen leen, indil ma leen.
3 Su leen kenn waxee dara, ngeen ne ko:
“Boroom bee leen soxla.” Mu daldi leen
bàyyi, ñu dem.»
4 Loolu nag ame noonu, ngir sottal la ñu
waxoon ca jottalib yonent ba. Mooy ba
mu nee:
5 «Neleen janq Siyoŋ mu taaru:
“Niiral, sa buur a la dikkal nii,
di ku woyof, war mbaam,
cumbur la war, doomu mbaam-sëf*.”»
6 Taalibe ya dem, daldi koy defe noonu
leen ko Yeesu sante.
7 Ñu indi mbaam ma ak cumbur ba,
daldi teg seeni yére ca kaw cumbur ba,
Yeesu war†.
8 Ba loolu amee nit ñu bare lool lal seeni
yére ca yoon wa, ñenn ña dagg ay cari
garab, lal ca yoon wa.
9 Ndiiraan ya ko jiitu ak ya ko topp a
ngay xaacu naan:
«Osaana, cant ñeel na Sëtub Daawuda bi!
Na barke wàcc ci ki dikk ci turu Boroom
bi!
Osaana, na cant jibe béreb ya gëna kawe.»
10 Yeesu nag agsi Yerusalem, dëkk ba
bépp ne kër-kër ne këpp, ñu naan: «Kii moo
di kan?»
11 Mbooloo ma ne leen: «Kii moo di
Yonent bi, Yeesu mu Nasaret ca Galile.»

### *Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

12 Ci kaw loolu Yeesu dugg ca kër Yàlla
ga, daldi dàq mboolem ñay jaay aka jënd
ca kër Yàlla ga. Mu dëpp taabali weccikati
xaalis ya, ak tooguy jaaykati pitax ya.

---

* **21.5** Seetal ci *Sàkkaryaa* 9.9. † **21.7** ***cumbur:*** ci jamonoy jàmm, jamono yu xeex amul woon, buur yi daan nañu war mbaam, te doonul lu ñu leen di tuutal.

13 Mu ne leen: «Bindees na ne: "Sama kër
gi, kërug ñaan lees ko tudde‡," waaye yeen,
moom ngeen def rawtub sàcc.»
14 Ca la ay gumba ak ay lafañ dikk ba ca
moom, ca kër Yàlla ga, mu faj leen.
15 Sarxalkat yu mag ya, ak firikati yoonu
Musaa ya nag gis kéemaan ya mu def, ak
xale yay xaacu ca biir kër Yàlla ga, naan:
«Osaana, cant ñeel na Sëtub Daawuda bi!»
Ñu daldi mer.
16 Ñu ne Yeesu: «Dégg nga li ñii di wax?»
Mu ne leen: «Waawaaw. Masuleena jàng li
ñu ne:
"Làmmiñu tuut-tànk, ba ci luy nàmp,
ci ngay sàkkale sa bopp ag cant§"?»
17 Ba loolu amee Yeesu bàyyikoo fa ñoom,
génn dëkk ba, dem Betani, daldi fay
fanaan.

*Yeesu rëbb na garabu figg ga*

18 Ba bët setee Yeesu di dellu ca dëkk ba.
Ci biir loolu mu xiif.
19 Naka la séen ag figg fa feggook yoon
wa, daldi cay dem, te taxul mu fekk ca
dara lu dul ay xob doŋŋ. Mu ne figg ga:
«Yàlla bu doom meññeeti fi yaw mukk!»
Figg ga daldi wow ca saa sa.
20 Taalibe ya gis loolu, waaru, ne: «Nan
la figg gi wowe ci saa si?»
21 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax déy,
su ngeen gëmee te baña am xel ñaar,
dungeen yem ci def nii figg gi, waaye tund
wii sax, bu ngeen ko noon: "Jógal tàbbiji
géej," loolooy am.
22 Te lépp lu ngeen sàkkoo ñaan gu ànd ak
ngëm, dingeen ko am.»

*Lu jëm ci sañ-sañu Yeesu*

23 Gannaaw loolu Yeesu dugg ca kër
Yàlla ga. Naka lay jàngale, sarxalkat yu
mag ya ak magi askan wa dikk, laaj ko ne
ko: «Lii ngay def, ci ban sañ-sañ nga koy
defe? Ak ku la jox boobu sañ-sañ?»
24 Yeesu ne leen: «Ma laaj leen man itam
lenn; bu ngeen ma ko waxee, man itam
ma wax leen ci ban sañ-sañ laay defe lii.
25 Sóobeb Yaxya ci ndox, fu mu jóge?
Asamaan la ndigal la bawoo, am ci nit ñi?»
Ñu diisoo ci seen biir, daldi ne: «Su nu nee:
"Asamaan la ndigal la bawoo," da nu
naan: "Lu tax kon gëmuleen Yaxya?"
26 Te su nu nee: "Ci nit ñi la bawoo,"
booba mbooloo ma lanu ragal, ndax ñépp
ab yonent lañu jàppe Yaxya.»
27 Ñu ne Yeesu: «Loolu xamunu ko.»
Moom itam mu ne leen: «Man itam duma
leen wax ci ban sañ-sañ laay defe lii.»

*Tuub moo gën të*

28 «Waaye, luy seen xalaat ci lii? Nit a
amoon ñaari doom. Mu dikk ca kenn ka,
ne ko: "Doom, demal tey liggéeyi ca toolu
reseñ ba."
29 Mu ne ko: "Maa lànk," waaye
gannaaw gi, xelam yedd ko, mu dem.
30 Baay ba demati ca ka ca des, wax ko
loolu. Mu ne ko: "Waaw, góor gi," te
demul.»
31 «Ana kan ci ñaar ñooñu moo def
coobarey baayam?» Njiiti xeet wi ne: «Ku
jëkk ki.» Yeesu nag ne leen: «Maa leen ko
wax déy, juutikat yi ak gànc yi jiitu nañu
leen ca nguurug Yàlla.
32 Ndax Yaxya moo leen dikke yoonu
njub, gëmuleen ko; waaye juutikat yi ak
gànc yee ko gëm, ngeen di gis te taxul
ngeen tuub, ba gëm ko.»

*Beykat wor na boroom tool*

33 Weneen léeb a ngi, dégluleen: «Boroom
kër la woon bu jëmbat ab tóokëru reseñ,
ñag ko, gas ca paxum nalukaayu reseñ,
tabax ca taaxum wattukaay, ba noppi
batale tóokër ba ay beykat, daldi tukki.
34 «Ba wittum reseñ jubsee, mu yebal ay
surgaam ca beykat ya, ngir jëlsi wàllam ca
meññeef ma.
35 Beykat ya jàpp surga ya, kii ñu dóor
ko, kee ñu rey ko, kale, ñu sànni ko ay doj.
36 Boroom kër ga yebalaat yeneen surga
yu ëpp yu njëkk ya, beykat ya def leen
noonu.
37 Mu mujj yebal doomam te naan:
"Sama doom, dinañu ko rus."
38 Teewul ba beykat ya gisee doom ji,
dañu ne ci seen biir: "Kii mooy donn;
nanleen ko daldi rey, ba jagoo ndonoom."
39 Ci kaw loolu ñu jàpp ko, génne ko
tóokër bi, rey ko.»
40 «Bu boroom tóokër bi dikkee, nu muy
def beykat yooyu?»

‡ **21.13** Seetal ci *Esayi* 56.7. § **21.16** Seetal ci *Taalifi cant* 8.3.

41 Ñu ne ko: «Reyin wu ñaawa ñaaw lay
rey ñu bon ñooñu, tóokëru reseñ ba, mu
batale ko yeneen beykat yu ko jox wàllam
ca meññeef ma, saa yu jotee.»
42 Yeesu nag ne leen: «Xanaa masuleena
jàng lii ci Mbind mi?
"Doj wi tabaxkat yi beddi woon,
moo mujj di doju koñu tabax bi.
Lii de, fa Boroom bi la sottee,
nu gis ko, yéemu[*]."
43 «Loolu moo tax ma ne leen dees na jële
nguurug Yàlla ci yeen, jox ko xeet wuy
meññal meññeef ma ca war.
44 Wii doj, képp ku ci dal, dammatoo, te
ku mu dal, rajaxe la[†].»
45 Ba sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya
déggee léebi Yeesu yooyu, xam nañu xéll ne
ñoom lay wax.
46 Ñu di ko fexee jàpp nag, te ragal
mbooloo ma, ndax ab yonent lañu ko jàppe
woon.

# 22

### *Gàntal ab teraanga, dàq sa njariñ*

1 Yeesu léebati leen, ne leen:
2 «Nguurug asamaan dafa mel ni buur bu
doon waajal céetalug doomam ju góor.
3 Mu yebal ay surgaam, ngir ñu jëli ña ñu
woo ca bernde ja, te ñooñu bëgguñoo ñëw.
4 Mu yebalaat yeneen surga, ne:
"Waxleen gan ñi ñu woo, ne leen: 'Reer yi
kat noppi na; samay nag ak sama juru
yafal lañu rey, lépp sotti na, ñëwleen ci
bernde ji.' "
5 Teewul ñu fénantal, dem seen yoon; kii
ca toolam, kee cam njaayam,
6 ñee jàpp surga ya, toroxal leen, rey
leen.
7 «Buur nag mer, daldi yónni gàngooram,
ñu reyi bóomkat yooyu, lakk seenub dëkk.
8 Ci kaw loolu mu ne surga ya: "Bernde
ji de noppi na, waaye gan ñi ñu woo ñoo ko
yeyoowul.
9 Kon nag demleen ca selebe yoon ya, ku
ngeen fa gis, woo ko ci céetal gi."
10 Surga ya dem ca mbedd ya, daldi
dajale mboolem ña ñu fa gis, ku baax ak
ku bon, ba céet ga fees aki gan.
11 «Ci kaw loolu buur bi duggsi, di xool
gan ñi, daldi cay seetlu ku ag colam warul
ci ag céet.
12 Buur ne ko: "Xarit, noo dugge fii, te
soluloo col gi war ci ag céet?" Kooku ne
cell.
13 Buur ne dag ya: "Yeewleen tànk yeek
loxo yi, te ngeen sànni ko ca lëndëm gu tar
ga ca biti. Foofa lees di jooye aka yéyoo
ndax mitit."
14 Ndax kat ñu bare lañu woo, waaye ñu
néew lañu tànn.»

### *Sesaar ak wàllam, Yàlla ak wàllam*

15 Booba la Farisen ya diisooji ngir lal
pexe mu ñu fiire Yeesu ci kàddoom.
16 Ñu daldi yebal ci moom seeni taalibe
ak ñi ànd ak farandooy Buur Erodd, ne ko:
«Kilifa gi, xam nanu ne ku dëggu nga, te ci
biir dëgg ngay jàngalee yoonu Yàlla.
Ragaloo kenn it, ndax seetuloo ci jëmmi
nit.
17 Kon nag wax nu sa xalaat: ndax yoon
maye na ku fey Buur Sesaar ab galag am
déet?»
18 Teewul Yeesu xam seen mébét mu
bon, daldi ne leen: «Lu ngeen may seetloo,
jinigalkat yi?
19 Wonleen ma poset bi ñuy feye galag.»
Ñu daldi ko jox benn posetub xaalis[*].
20 Yeesu ne leen: «Nataal bii ak tur wii ci
binde, kuy boroom?»
21 Ñu ne ko: «Buur Sesaar.» Mu ne leen:
«Kon nag, yëfi Sesaar, joxleen ko Sesaar, te
yëfi Yàlla, ngeen jox ko Yàlla.»
22 Ba ñu déggee loolu lañu waaru, daldi
koy bàyyi, dem.

### *Ab Sadusen gëmul dee-dekki*

23 Bésub keroog boobu Sadusen yi ne
dee-dekki amul, ca lañu dikk ba ca moom.
Ñu laaj ko ne ko:
24 «Kilifa gi, Musaa noon na: "Su góor
faatoo te amul doom, na ku mu bokkal
waajur donn jabaram, ngir amal
mbokkam ma dee, kuutaay[†]."
25 Léegi nag juróom ñaari góor a ngi woon
ci sunu biir, ñu bokk ndey ak baay. Taaw
ba am jabar ba faatu te amul doom, ba tax

---

[*] **21.42** Seetal ci *Taalifi cant* 118.22-23. [†] **21.44** Seetal ci *Esayi* 8.14; *Dañeel* 2.34, 44. [*] **22.19** ***posetu xaalis bii:*** ab dinaar la woon, moo doon peyu bëccëgu lëmm. [†] **22.24** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 25.5.

rakk ja donn jabar ja mu bàyyi
gannaawam.
26 Tofo ba ak ñaareelu tofo ba def noonu,
ba juróom ñaar ñépp dee.
27 Gannaaw gi, ndaw sa it dee.
28 Keroog ndekkite la nag, kan ci juróom
ñaar ñi lay doon jabaram, gannaaw ñoom
ñépp a ko jëloon?»
29 Yeesu nag ne leen: «Seen njuumte
moo di xamuleen Mbind mi, xamuleen
manoorey Yàlla,
30 ndax keroog ndekkite la, kenn du am
jabar mbaa jëkkër, waaye nit ñi dañuy mel
ni malaaka yi ci asamaan.
31 Ci wàllu ndekkite sax, xanaa jànguleen
la leen Yàlla waxoon ne leen:
32 "Maay Yàllay Ibraayma, di Yàllay
Isaaxa, di Yàllay Yanqóoba‡"? Kon moom
du ñi dee lay seen Yàlla, xanaa ñiy dund.»
33 Ba ca mbooloo ma déggee, dañoo
waaru ca njàngaleem.

## *Lenn ndigal moo tënk lépp*

34 Ba Farisen ya yégee na Yeesu tëje
gémmiñu Sadusen ya, dañoo féncoo.
35 Ci kaw loolu kenn ca ñoom, ab
xamkatub yoonu Musaa, di ko fexee fiir,
laaj ko ne ko:
36 «Kilifa gi, lan ndigal moo gëna màgg ci
yoonu Musaa?»
37 Yeesu ne ko: «"Yàlla sa Boroom, nanga
ko soppe sa léppi xol, ak sa léppi jëmm, ak
sa léppi xel§."
38 Loolu mooy ndigal li gëna màgg, te
moo jiitu.
39 Ñaareel bi it yem ak moom, di: "Ni nga
soppe sa bopp, nanga ko soppe sa
moroom*."
40 Ci ñaari ndigal yooyu la mboolem
yoonu Musaa, ak kàdduy yonent yi aju.»

## *Ndax Almasi bi mooy sëtub Daawuda?*

41 Farisen ya ñoo daje woon, Yeesu laaj
leen, ne leen:
42 «Luy seen xalaat ci Almasi bi, kan lay
ab sëtam?» Ñu ne ko: «Daawuda.»
43 Yeesu ne leen: «Ana kon nan la
Daawuda mana waxe ci ni ko leeru Noo
gu Sell gi dikkale, ba di ko woowe "Sang
bi", naan:
44 "Boroom bi daa wax sama Sang ne ko:
'Toogeel sama ndijoor,
ba ma teg say noon
fi sa suufu tànk†.' "
45 Gannaaw Daawuda moo woowe Almasi
bi "Sang bi," nu mu nekke ab sëtam?»
46 Gannaaw loolu kenn manu koo tontu
genn kàddu, te ca bés booba lañu dale,
ñemeetuñu koo laaj dara.

# 23

## *Yeesu rëbb na jinigalkat ya*

1 Gannaaw loolu Yeesu wax ak mbooloo
ma ak taalibeem ya.
2 Mu ne: «Firikati yoon yi ak Farisen yi
ñoo tooge jalu Musaa.
3 Kon mboolem lu ñu leen wax, defleen
ko te sàmm ko, waaye seeni jëf, buleen ko
roy, ndax li ñuy wax duñu ko jëfe.
4 Ay say yu diis gann lañuy takk, gàdduloo
ko nit ñi, waaye ñoom ci seen bopp, seen
baaraam sax duñu ko ci nangoo yékkati.
5 Mboolem lu ñu def, ngistal la. Ñooy
réyal téere yi ñuy takk, guddal seen
cimbir-cimbiri mbubb*.
6 Ñoo taamu péetey teraanga ca bernde
ya, ak toogu yu kaname ca jàngu ya,
7 ak nuyoob wegeel ca pénc ma, ñu di
leen woowe kilifa gi.
8 Waaye yeen buñu leen woowe "kilifa
gi," ndax kenn doŋŋ moo di seen kilifa,
waaye yeen ñépp ay bokk ngeen.
9 "Baay" it, buleen ko woowe kenn ci
kaw suuf, ndax kenn doŋŋ a di seen baay,
te mooy ka fa asamaan.
10 Buñu leen woowe it "njiit," ndax kenn
doŋŋ moo di seen njiit, te mooy Almasi bi.
11 Ki gëna màgg ci yeen mooy ki nangoo
doon seen surga.
12 Waaye képp kuy réylu, dees na la
toroxal, te ki toroxlu lees di yékkati.
13-14 «Wóoy ngalla yeen firikati yoonu
Musaa yi ak Farisen yi, jinigalkat yi,
naaféq yi! Yeenay tëjal nit ñi nguurug

‡ **22.32** Seetal ci *Mucc ga* 3.6. § **22.37** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.5. * **22.39** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18. † **22.44** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1. * **23.5** ***cimbir-cimbir:*** Yawut ya daan nañu takk ay cimbir-cimbir ci seeni cati mbubb, di ko fàttalikoo yoonu Yàlla. Njiiti yoon ya nag di tàkk ay cimbir-cimbir yu gudd, di ko mbubboo ag ragal Yàlla, gu ñu bëgg nit ñi nawe leen.

asamaan. Yeen ci seen bopp dugguleen, te
bàyyiwuleen ñi bëgga dugg, ñu dugg.

15 «Wóoy ngalla yeen firikati yoon yi ak
Farisen yi, jinigalkat yi! Yeena ngi wër géej
ak jéeri, ngir tuubloo kenn doŋŋ, te bu
tuubee ngeen def ko nitu sawara ku leen
yées ñaari yoon.

16 «Wóoy ngalla yeen njiit yu gumba yi!
Yeena ne: “Ku giñe kër Yàlla gi, dara waru
la, waaye ku giñe wurusu kër Yàlla gi,
tënku nga.”
17 Dof yu gumba yi! Ana lu ci gëna màgg,
wurus wi, am kër Yàlla gi tax wurus wi
sell?
18 Ngeen neeti: “Ku giñe sarxalukaay bi
ci kër Yàlla gi, dara toppu la, waaye ku giñ
ci sarax yi ci kaw sarxalukaay bi, tënku
nga.”
19 Yeena diy gumba! Ana lu ci gëna
màgg, sarax si, am sarxalukaay bi tax
sarax si sell?
20 Ku giñe sarxalukaay bi kay,
sarxalukaay bi, ak li ci kawam lépp nga
giñe.
21 Ku giñe kër Yàlla gi, giñe nga kër Yàlla
gi, giñe ki ko dëkke.
22 Ku giñe asamaan it, giñe nga
ngànguney Yàlla, giñe Yàlla mi ci toog.

23 «Wóoy ngalla yeen firikati yoon yi ak
Farisen yi, jinigalkat yi! Xobi naana, ak
safal yu mel ni anet ak kumin, yeena ngi
ciy génne cérub fukkeel, ngir asaka, tey
sofental njubte ak yërmande ak ngëm. Lii
de war na leen, waaye lee it, waruleen koo
sofental.
24 Njiit yu gumba yi! Seggkati
wallax-njaanée, te giléem, ngeen wann!

25 «Wóoy ngalla yeen firikati yoon yi ak
Farisen yi, jinigalkat yi! Yeenay raxas
bitib kaas bi, ak ndab li, feek li fees kaas
baa ngi jóge ci càcc ak ŋàppaaral.
26 Farisen bu gumba bi! Njëkkala raxas
biir kaas bi ba mu set, ba biti bi itam mana
set.
27 «Wóoy ngalla yeen firikati yoon yi ak
Farisen yi, jinigalkat yi! Yeena ngi mel ni
bàmmeel yu ñu weexal. Rafet melow biti,
te ca biir fees ak yaxi néew ak sobe su
nekk.
28 Noonu rekk ngeen mel yeen itam, di
niru nit ñi ñu jub, te seen biir xol feese
jikkoy jinigal ak ndëngte.
29 «Wóoy ngalla yeen firikati yoon yi ak
Farisen yi, jinigalkat yi! Yeenay tabax
bàmmeeli yonent yi, di rafetal béreb ya ñu
denc aji jub ñi,
30 te naan: “Su nu fekke woon sunu
jamonoy maam ya, dunu ànd ak ñoom, di
tuur deretu yonent yi.”
31 Seen wax jooju nag ngeen seedeele
seen bopp ne yeenay doomi ña reyoon
yonent ya.
32 Yeen kay, feesalleen seen ndabu
maam ya rekk!
33 Jaan yee, njurum céebi mi! Ana nu
ngeen di rëcce mbugalu sawara?
34 Loolu moo tax kat man, ma yebal ci
yeen ay yonent ak boroomi xam-xam ak
firikati yoon. Ñii ngeen rey, ñee ngeen
daaj leen ci bant, ñale ngeen caw leen ay
yar ci seeni jàngu, di leen bunduxataal ci
dëkkoo dëkk.
35 Moo leen tax di këppoo mboolem
deretu aji jub ji ñu tuur ci àddina, dale ko
ca deretu Abel mu jub ma, ba ca deretu
Sàkkaryaa doomu Barakiya ma ñu bóom ca
diggante kërug jaamookaay ga ak
sarxalukaay ba.
36 Maa leen ko wax déy, loolu lépp ay
dikkal niti tey jii.
37 «Yerusalem, Yerusalem, yaw miy bóom
yonent yi, di sànni ay doj ñi ñu yebal ci
yaw, ba ñu dee, ñaata yoon laa namma
boole say doom, uuf ni ganaar di uufe ay
cuujam, te nanguwuloo?
38 Mu ngoog, waccees na laak sa kër nag,
mu gental,
39 nde maa la ne doo ma gisati ba keroog
nga naa: “Na barke wàcc ci ki dikk ci turu
Boroom bi†!”»

# 24

*Yerusalem tas, Doomu nit ki délsi*
1 Naka la Yeesuy génne ca kër Yàlla ga, ay
taalibeem dikk, joxoñ ko tabaxi kër Yàlla
ga.
2 Teewul mu àddu, ne leen: «Gis ngeen lii
lépp? Maa leen ko wax déy, doj wu tege
ciw doj du dese fii te tasul.»

† **23.39** Seetal ci *Taalifi cant* 118.26.

3 Gannaaw gi, ba Yeesu toogee ca kaw
tundu Oliw ya, taalibeem yaa dikk, wax
ak moom, ñook moom doŋŋ, ne ko: «Wax
nu kañ la loolu di am, ak luy doonub takk
buy xamle sam peeñ, ak tukkitel àddina?»

4 Yeesu ne leen: «Moytuleen, ba kenn du
leen nax,
5 ndax ñu bareey dikk, tuddoo sama tur,
naan: “Maa di Almasi bi,” te ñu bare lañuy
nax.
6 Dingeen dégg ay xare ak coowi xare;
waaye moytuleena tiit, ndax fàww loolu
am, waaye du doonagum muj ga.
7 Aw xeet dina jógal aw xeet, am réew
jógal am réew. Ay xiif ak yëngu-yënguy suuf
dina dikke fu bare.
8 Waaye loolu lépp ndoortel mititu mat
lay doon.
9 Bu boobaa dees na leen teg ciy loxo,
ngir ñu mitital leen, rey leen; mbañeel la
leen xeet yépp di won ndax sama tur.
10 Ca la ñu bare di xàcc, di worante aka
bañante.
11 Te itam yonenti caaxaan yu bareey
feeñ, di nax ñu bare.
12 Ndëngte it dina law ba cofeelu nit ñu
bare day giim.
13 Waaye ku muñ ba muj ga, kooku dina
mucc.
14 Ci kaw loolu bii xibaaru jàmm bu
nguurug Yàlla, dees na ko biral ci àddina
sépp, ngir mu doon kàddug seede, ñeel xeet
yépp. Su boobaa nag muj ga dikk.

15 «Moo tax, “lu siblu luy jur yàqute” li
Yonent Yàlla Dañeel doon wax*, bu ngeen
ko gisee mu taxaw ci néeg bu sell bi, yaw
miy jàng, teewlul,
16 su boobaa ña mu fekk ca diiwaanu
Yude, nañu daw jëm kaw tund ya;
17 ku mu fekk ci kaw am taax, bul wàcc
ngir jëli lenn ca biir;
18 ku mu fekk ca tool ba, bul dellu ca kër
ga, di jëli sa mbubb.
19 Wóoy ngalla jigéeni wérul ña, ak ñay
nàmpal ca bés yooyu!
20 Ñaanleen nag seen gàddaay baña
yemook jamonoy seddaayu lolli, mbaa
bésub Noflaay,
21 ndax ca la coono bu réy di am, coono
bu masula am, ba àddina sosoo ak tey, te
dootul am mukk.
22 Te bu ñu wàññiwul woon diir boobu,
kenn du mucc, waaye ñi ñu tànn ñoo tax ñu
wàññi janti coono ya.
23 «Booba nag, ku leen ne: “Xoolal,
Almasi baa ngi nii,” mbaa: “Ma nga nale,”
buleen ko gëm,
24 ndax ay almasiy caaxaan ak yonenti
caaxaan ñooy feeñ, di jëfe ay firnde yu réy,
aki kéemaan, ngir nax ñi ñu tànn, ñoom
itam, ndegam man naa nekk.
25 Mu ngoog, wax naa leen ko ba noppi.
26 «Kon bu ñu leen nee: “Ma ngoogu ca
àll ba,” buleen dem, te bu ñu leen nee:
“Mu ngii làqu ci biir néeg,” buleen ko gëm,
27 ndax ni melax di tàkke penku, lerax
ba sowu, noonu la Doomu nit ki di feeñe.
28 Fu médd nekk, fa la tan yay daje.
29 «Gannaaw coonob fan yooyu nag,
“jant bi day daldi lëndëm,
weer wi fey ag leeram;
biddiiw yi xàwweekoo asamaan,
dooley asamaan sàqi.”
30 Ca la màndargam Doomu nit ki di feeñ fa
asamaan. Bu boobaa xeeti àddina yépp
dinañu tiislu te dinañu gis Doomu nit ki di
ñëw ci kaw niir yi, ànd ak manoore ak
daraja ju réy.
31 Ci kaw loolu coowal liit gu xumb lay
yebale ay malaakaam, ñu dajalee ay
tànnéefam fa ñeenti jëmuy ngelaw li, dale
ko ca catu asamaan lii ba ca cat lee.»
32 Yeesu teg ca ne: «Jàngatleen misaalu
garabu figg. Ag figg, bu bànqaas ya duyee,
xob ya di sëq, ngeen xam ne nawet jubsi
na.
33 Bu ngeen gisee xew-xew yooyu yépp
sotti, noonu itam ngeen di xame ne bés bi
jubsi na, ba agsi ci bunt bi sax.
34 Maa leen ko wax déy, niti tey jii† duñu
wéy mukk te loolu lépp sottiwul.
35 Asamaan ak suuf dina wees, waaye
samay wax du wees mukk.

### *Yàlla rekk moo xam bés ba*

36 «Waaye bés boobu ak waxtu wa, kenn
xamu ko; du malaaka ya fa asamaan, du
Doom ji, xanaa Baay bi doŋŋ.

* **24.15** Seetal ci *Dañeel* 9.27; 11.31; 12.11. † **24.34** ***niti tey jii:*** seetal ci *Màrk* 8.38.

37 Na woon ca jamonoy Nóoyin, noonu
lay deme, bu Doomu nit ki di feeñ.
38 Ndaxte jant ya jiitu mbënn ma, nit ñaa
nga doon lekk aka naan, di takk aka maye
jabar, ba bés ba Nóoyin duggee ca gaal ga.
39 Yéguñu woon dara, ba kera mbënn ma
dikk, buub ñépp. Noonu doŋŋ lay deme bu
Doomu nit ki feeñee.
40 «Bu boobaa ñaar ay nekk ca tool ba,
kenn ki, ñu yóbbu ko, ka ca des, ñu bàyyi ko.
41 Ñaari jigéen di wolandoo ca wolukaay
ba, ñu yóbbu kenn, bàyyi ka ca des.
42 Kon nag teewluleen, ndax kat
xamuleen ban bés la seenub sang di dikk.
43 Waaye lenn de, xamleen ko: boroom
kër, su xamoon wan waxtuw guddi la ab
sàcc di ñëw, kon dina teewlu te du ko bàyyi
moos, mu dàjjiy dugg këram.
44 Moo tax yeen itam waajleen ba jekk,
ndax waxtu wu ngeen foogul, ci la Doomu
nit ki di ñëw.
45 «Ana kan nag mooy surga bu wóor te
muus, ba njaatigeem batale ko surgay
këram, ngir mu di leen jox ab dund ca ba
muy jot?
46 Ndokkalee surga bu njaatigeem dikk,
fekk ko muy doxale noonu.
47 Maa leen ko wax dëy, alalam jépp la ko
njaatige la di far dénk.
48 Waaye su surga bu bon ba nee ci
xelam: "Sama njaatige dikkagul léegi,"
49 ba tax mu tàmbalee dóor ay bokki
surgaam, di lekk aka naanandoo ak
màndikat ya,
50 su boobaa njaatige laay dikk bés bu
mu ko séenuwul ak waxtu wu mu foogul,
51 mbugal ko ba daggat ko, sédd ko ci
añub jinigalkat yi. Foofa lees di jooye aka
yéyoo ndax mitit.

# 25

### *Séentu sab sang laaj na teewlu*

1 «Su boobaa nguurug asamaan day mel
ni fukki janq yu fab seeni làmp, génn,
gatanduji boroom séet,
2 juróom ña nag di ñu dofe, te juróom ña
ca des di ñu muus.
3 Ñu dofe ña fab seeni làmp, te jotuñoo
fàgguwaale ag diw;
4 ña muus ñoom, fàgguwaale ag diw ci
seeni njaq, booleek seeni làmp.
5 Boroom séet ba nag guddee, ñépp
gëmmeentu, bay nelaw.
6 «Ba guddi ga xaajee, coow la jib:
"Boroom séet baa ngoog, génnleen,
gatandu ko."
7 Janq ja jépp yewwu, daldi waajal seeni
làmp.
8 Ñu dofe ña ne ña muus: "Mayleen nu ci
seenug diw, sunuy làmp a ngi fey."
9 Ñu muus ña ne leen: "Déet, lu ko moy
du nu am lu nu doy, nook yeen. Demleen
kay jëndali seen bopp fa muy jaaye!"
10 «Naka lañu dem jëndi, boroom séet ba
agsi. Ci kaw loolu ña mu fekk noppi, ànd
ak boroom séet ba, dugg ca néegu bernde
ja, bunt ba daldi tëje.
11 Gannaaw loolu janq ja ca des dikk,
ne: "Sang bi, Sang bi, ubbil nu!"
12 Mu ne leen: "Aylayéwén laa leen wax,
xawma leen."
13 «Teewluleen boog, nde xamuleen bés
ba, mbaa waxtu wa.

### *Ndénkaane aw sas la*

14 «Nguurug Yàlla dafa mel ni kuy waaja
tukki, daldi woo ay surgaam, batale leen
alalam.
15 Kii, mu dénk ko juróomi milyoŋ*; kee,
ñaar; ka ca des, benn, ku nekk ak la mu
àttan. Ci kaw loolu, mu daldi tukki.
16 «Ka jot juróomi milyoŋ ya nag daldi
dem, di ca jula, ba amaat yeneen juróom.
17 Ka jot ñaar it def noonu, ba amaat
yeneen ñaar.
18 Ka jot benn milyoŋ moom dem gas ca
suuf, làq fa xaalisu njaatigeem.
19 «Gannaaw diir bu yàgg njaatigeb surga
ya délsi, daldi bokk xayma ak ñoom ni
alalam tolloo.
20 Ci kaw loolu ka jotoon juróomi milyoŋ
dikk, indaale yeneen juróom, ne ko: "Sang
bi, juróomi milyoŋ nga ma dénkoon;
yeneen juróom yii laa ci am."
21 Njaatigeem ne ko: "Jaaraamaa, surga
bu baax bi te wóor. Gannaaw ci lu tuut nga
wóore, lu bare laa lay dénk. Kaay nag nu
bokk bége."

---

* **25.15 *juróomi milyoŋ*:** maanaam juróomi talaŋ. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

22 Ka jotoon ñaari milyoŋ it dikk, ne ko:
“Sang bi, ñaari milyoŋ nga ma dénkoon,
yeneen ñaar yii laa ci am.”
23 Njaatige la ne ko: “Jaaraamaa, surga
bu baax bi te wóor. Gannaaw ci lu tuut nga
wóore nag, lu bare laa lay dénk. Kaay nag
nu bokk bége.”
24 «Ka jotoon benn milyoŋ it dikk, ne ko:
“Sang bi, xamoon naa ne nit ku néeg nga;
dangay dajale loo jiwuloon, di góob loo
faruwuloon.
25 Moo tax ma ragal, ba dem gas ca suuf,
làq ca sab milyoŋ. Mu ngii, fabal sa alal.”
26 Njaatige la nag ne ko: “Surga bu bon
bi te yaafus! Xamoon nga ne damay dajale
lu ma jiwuloon, di góob lu ma faruwuloon.
27 Kon waroon ngaa yóbbu sama xaalis
ca denckati xaalis ya, ba bu ma dikkee, jot
sama milyoŋ, boole ca tonoom.
28 Nanguleen nag xaalis bi ci moom, te
jox ko boroom fukki milyoŋ yi.
29 Ndaxte képp ku am, dees na ko dolli,
ba mu barele, waaye ku amul, la mu am
as néew sax, dees na ko nangu.
30 Surga bu ñàkk njariñ bii nag, sànnileen
ko ca lëndëm gu tar ga ca biti. Foofa lees di
jooye aka yéyoo ndax mitit.”

### *Almasi bi mooy àtte àddina*

31 «Keroog bu Doomu nit ki dikkee
darajaam nag, ànd ak mboolem malaaka
yi, mooy toog ci ngànguneem lu darajawu†,
32 mboolem xeet yi lees di dajale fi
kanamam, te mooy xàjjaatle ñii ak ñee, ni
ab sàmm di xàjjaatlee ay xar aki bëy,
33 te mooy teg xar yi fi ndijooram; bëy yi,
fa càmmoñam.
34 «Ca la buur bay wax ñi ci ndijooram
ne leen: “Yeen ñi sama Baay barkeel,
dikkleen jël nguur gi ñu leen waajalaloon
ba àddina sosoo.
35 Ndaxte ba ma xiifee, yeena ma leel;
ma mar, ngeen nàndal ma; ma dib
doxandéem, ngeen fat ma;
36 ma rafle, ngeen wodd ma; ma wopp,
ngeen toppatoo ma; ñu tëj ma, ngeen
seetsi ma.”
37 Su ko defee boroom njekk yi ne ko:
“Sang bi, kañ lanu la gis, nga xiif, nu leel
la; mbaa nga mar, nu nàndal la?
38 Ak kañ lanu la gis, nga dib
doxandéem, nu fat la; mbaa nga rafle, nu
wodd la?
39 Ak itam kañ lanu la gis, nga wopp
mbaa ñu tëj la, nu seetsi la?”
40 Bu loolu amee buur ba ne leen: “Maa
leen ko wax déy, lu ngeen ci defal kenn ci
ñi gëna tuut ci sama bokk yii, man ngeen
ko defal.”
41 «Gannaaw loolu, ña fa càmmoñam la
naan: “Yeen ñi alku nag, xiddileen ma, te
tàbbiji sawara su dul fey, fa ñu waajalal
Seytaane aki malaakaam.
42 Ndaxte ba ma xiifee, leeluleen ma, ba
ma maree, nàndaluleen ma.
43 Ba ma dee ab doxandéem, fatuleen
ma; ba ma raflee, wodduleen ma; ba ma
woppee, ak ba ñu ma tëjee it, seetsiwuleen
ma.”
44 Su ko defee ñoom itam ñu ne ko: “Sang
bi, kañ lanu la gis, nga xiif, mbaa nga mar,
mbaa nga dib doxandéem, mbaa nga rafle,
mbaa nga wopp, mbaa ñu tëj la, te fajunu
sa soxla?”
45 Ca la leen di wax ne leen: “Maa leen
ko wax déy, lu ngeen ci defalul kenn ci ñi
gëna tuut, man ngeen ko defalul.”
46 Ñooña daldi séddooji mbugal mu sax
dàkk, boroom njekk yi nag séddooji texe gu
sax dàkk.»

## 26

### *Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Ba Yeesu daaneelee mboolem kàddu
yooyu, da ne ay taalibeem:
2 «Xam ngeen ne ñaari fan a des ci
màggalu bésub Mucc. Ca lañuy wor Doomu
nit ki, daaj ko ci bant.»
3 Booba nag sarxalkat yu mag ya ak
magi askan wa ña nga daje ca màkkaanu
sarxalkat bu mag, ba ñuy wax Kayif.
4 Ci biir loolu ñu gise, ngir nu ñu sàcce ba
jàpp Yeesu, reylu ko.
5 Teewul nag ñu ne: «Bumu doon ci bésu
màggal bi, lu ko moy askan wi yëngu.»

### *Jigéen teral na Yeesu*

6 Yeesu nag ma nga woon dëkk ba ñuy
wax Betani ca kër Simoŋ gaana ga.
7 As ndaw dikk, yor njaqal doju albatar
lu def lajkoloñ gu jafe. Ndaw sa fekk Yeesu

† **25.31** Seetal ci *Dañeel* 7.13-14.

ca ndab la, muy lekk, mu sotti ko ca
boppam.
8 Taalibe ya nag gis ca, ñaawlu ko ne:
«Ana lu waral yàq gii?
9 Maneesoon naa jaaye lii lu bare, jox
xaalis bi néew-doole yi.»
10 Yeesu nag xam la ñu wax, ne leen: «Lu
ngeen di sonale ndaw si? Jëf ju rafet la ma
defal!
11 Néew-doole yi de, dingeen ci am ñu
nekk ak yeen ba fàww. Waaye man de,
amuleen ma ba fàww.
12 Sotti gi ndaw si sotti diw gi ci sama
kaw, samab rob la koy waajale.
13 Maa leen ko wax dëy, li ndaw sii def,
fépp fu ñuy yéeneji ëllëg xibaaru jàmm bii ci
àddina sépp, dees na ko fa nettalee, di ko
fàttalikoo jëmmu ndaw si.»

### *Yuda wor na Yeesu*

14 Booba la waa ju ñuy wax Yuda
Iskaryo, kenn ca Fukk ñaak ñaar, dem ca
sarxalkat yu mag ya,
15 ne leen: «Lan ngeen ma mana jox, ngir
ma teg Yeesu ci seeni loxo?» Ñu waññal ko
fanweeri poseti xaalis[*].
16 Ca la Yuda dale wut yoon wu mu
jekkoo Yeesu, ba wor ko.

### *Reerub tàggatoo jot na*

17 Ca bés ba njëkk ca màggalug ayu bésu
Mburu mu amul lawiir nag[†], taalibe yaa
dikk ne Yeesu: «Foo bëgg nu waajalal la fa
reeru bésub Mucc bi?»
18 Yeesu ne leen: «Demleen ca dëkk ba, te
ngeen àgg ba ca diw, ne ko: "Kilifa gi nee:
Sama bés dëgmal na; ci yaw nag laay
màggalsee bésub Mucc bi, maak samay
taalibe."»
19 Taalibe ya def la leen Yeesu sant,
daldi waajal reeru bésub Mucc ba.
20 Ba jant sowee, Yeesu dikk di reersi,
moom ak Fukk ñaak ñaar.
21 Naka lañuy lekk, mu ne leen: «Maa
leen ko wax dëy, kenn ci yeen moo may
wor.»
22 Taalibe ya am tiis lool; ku nekk daldi
ne ko: «Mbaa du man a, Sang bi?»
23 Yeesu ne leen: «Ki yebandoo ak man
loxoom ci ndab li, kooku moo may wor.
24 Doomu nit kaa ngi dem moos, noonee
ñu ko binde woon, waaye wóoy ngalla ki
pexe mi ñu wore Doomu nit ki di jaare!
Kooka de, baňoona juddu sax moo doon
gën ci moom.»
25 Yuda, mi ko nara wor, ne ko: «Mbaa du
man a, Kilifa gi?» Yeesu ne ko: «Yaa ko
wax.»
26 Naka ñuy lekk nag, Yeesu jël mburu,
yékkati kàddug cant, dagg, jox taalibe ya.
Mu ne leen: «Jëlleen lekk, lii sama yaram
la.»
27 Mu teg ca jël ab kaas, yékkati kàddug
cant, jox leen ko, ne leen: «Naanleen ci,
yeen ñépp,
28 ndax lii mooy sama deret, ji fas kóllëre
gi, te nara tuurul ñépp[‡] ngir njéggalug
bàkkaar.
29 Maa leen ko wax, gannaaw-si-tey
dootuma naan mukk ndoxum reseñ mii,
ba kera may naan, maak yeen, ndoxum
reseñ mu bees ca sama nguurug Baay.»
30 Ba loolu amee ñu yékkati galanu cant,
daldi génn jëm tundu Oliw ya.
31 Booba la leen Yeesu ne: «Yeen ñépp ay
dellu gannaaw ndax man, guddig tey jii,
ndax bindees na ne:
"Maay dóor sàmm bi,

xar yi tasaaroo[§]."
32 Waaye bu ma dekkee, dinaa leen jiituji
fa Galile.»
33 Piyeer nag àddu ne ko: «Bu ñépp dellu
woon gannaaw ndax yaw, man duma
dellu gannaaw mukk.»
34 Yeesu ne ko: «Maa la ko wax dëy, guddig
tey jii, bala ganaar a sab, dinga ma jàmbu
ñetti yoon.»
35 Piyeer ne ko: «Su ma naree ànd ak yaw
dee sax, duma la jàmbu mukk.» Taalibe ya
ca des yépp waxe noonu, ñoom itam.

### *Yeesu ñaan na ci biir tiis wu rëy*

36 Ca la Yeesu ànd ak ñoom ba béreb ba
ñuy wax Setsemane, mu ne taalibe ya:
«Toogleen fii, ma dem fale, ba ñaani fa.»

---

[*] **26.15** Seetal ci *Sàkkaryaa* 11.12-13. [†] **26.17** Ci Yawut yi, bés bu nekk, ci tàkkusaan lay tàmbali. [‡] **26.28** Baat bii man naa tekki «ñu bare», waaye ci làkku yawut waxin la: fii «ñépp» lay wund. Seetal ci *Esayi 53.12* ak ci *1.Timote* 2.6.
[§] **26.31** Seetal ci *Sàkkaryaa* 13.7.

37 Ci kaw loolu mu ànd ak Piyeer ak ñaari
doomi Sebede, aw tiis ak njàqare nag daldi
koy jàpp.
38 Ca la leen ne: «Tiis wu réy la sama xol
fees, ba may bëgga dee! Toogleen fii, te
ngeen ànd ak man ci teewlu.»
39 Ba loolu amee, Yeesu dox ba sore leen
tuuti, ne gurub sukk, dëpp jëëm fa suuf.
Mu ñaan ne: «Sama Baay, bu manee am, bii
kaas bu fees ak wextanu coono, ngalla
teggil ma ko! Moona, bumuy sama
coobare nag, waaye yaw, na sa coobare
am.»
40 Gannaaw loolu mu délsi, fekk taalibe
ya di nelaw. Mu ne Piyeer: «Wenn waxtu
doŋŋ, amuleen dooley teewloondoo kook
man?
41 Teewluleen te ñaan, ngir baña tàbbi cig
fiir. Xolub nit kat yebu na, yaram see néew
doole.»
42 Yeesu delluwaat, ba nee, ñaareel bi
yoon, daldi ñaan ne: «Sama Baay, ndegam
lii manu maa teggi ba duma ko naan, na
sa coobare am.»
43 Mu délsiwaat, fekk leen ñuy nelaw,
manatuñoo xippi, ndax ngëmment.
44 Mu bàyyikoo ca ñoom, demati ba nee
ñetteel bi yoon, daldi dellu ca genn kàddug
ñaan googa.
45 Gannaaw gi, mu délsiwaat ca taalibe
ya ne leen: «Yeena ngi nelaw, di noppalu
ba tey? Waxtu waa ngii dëgmal, ci lañuy
teg Doomu nit ki ci loxoy bàkkaarkat yi.
46 Jógleen nu dem, ki may wor a ngi nii.»

### *Jàpp nañu Yeesu*

47 Naka la Yeesu di wax, daaneelagul,
Yuda, kenn ca Fukk ñaak ñaar, jekki agsi,
ànd ak gàngoor gu takku, jóge ca sarxalkat
yu mag ya ak magi askan wa. Ña nga
gànnaayoo ay saamar aki njur.
48 Fekk na workat ba jox leen ab tegtal,
ne leen: «Ki may fóon, kooku la; jàppleen
ko.»
49 Mu dikk ba ci Yeesu, ne ko: «Jàmm nga
am, Kilifa gi,» daldi ko fóon.
50 Yeesu ne ko: «Xarit, li la indi, def ko.»
Ca lañu ko ne taral, jàpp ko.
51 Ba loolu amee kenn ca ña ànd ak Yeesu
ne yóot bocci saamaram, caw ko surgab
sarxalkat bu mag ba, njoof nopp ba.
52 Teewul Yeesu ne ko: «Delloo sa
saamar ci mbaram, ndax képp ku bocci
saamar, saamar lay deewe.
53 Defe nga ne manumaa woo sama
Baay wall, mu yónnee ma ci saa si lu ëpp
fukki gàngoori malaaka ak ñaar?
54 Waaye kon nu Mbind miy ame te mu
indi ne fàww mu deme noonu?»
55 Ca waxtu woowa la Yeesu ne mbooloo
ma: «Jàppsi ma doŋŋ a leen taxa dikkey
saamar aki njur, mel ni ñuy topp ab
fippukat. Moona bés bu nekk maa nga
daan toog ca kër Yàlla ga, di jàngale, te
jàppuleen ma.
56 Waaye lii lépp daa am ngir sottal Bindi
yonent yi.» Ci kaw loolu taalibe yépp daw,
wacc ko.

### *Yeesu jànkoonte na ak àttekat ya*

57 Ña jàpp Yeesu nag yóbbu ko kër Kayif,
sarxalkat bu mag ba, fa firikati yoonu
Musaa ya ak magi askan wa daje.
58 Piyeer moom, yoxal Yeesu lu sore,
topp ca gannaawam, ba ca ëttu sarxalkat
bu mag ba; mu dugg, toog ak wattukat ya,
di seet nu mbir may mujje.
59 Sarxalkat yu mag yaak mboolem
kuréelu àttekati Yawut ya nag di wut fen yu
nit seedeel Yeesu, ba ñu man koo reylu,
60 te amuñu ko, doonte ay seedey fen-kat
yu baree dikk. Ñaar nag mujj dikk, ne:
61 «Kii de moo noon: “Man namaa toj kër
Yàlla gi, tabaxaat ko ci ñetti fan*.”»
62 Ba mu ko defee sarxalkat bu mag ba
jóg ne ko: «Doo tontu dara ci li la ñii
tuumaal?»
63 Yeesu ne cell. Sarxalkat bu mag ba ne
ko: «Giñloo naa la ci Yàlla jiy dund, ngir
nga wax nu, ndax yaa di Almasi bi,
Doomu Yàlla.»
64 Yeesu ne ko: «Yaa ko wax. Te it, maa
leen ne gannaaw-si-tey dingeen gis
Doomu nit ki toog ci ndijooru Boroom
Kàttan gi, te dingeen ko gis ci kaw niir yi,
muy ñëw†.»
65 Ca la sarxalkat bu mag ba ne tareet
yérey boppam, ndax mer. Mu ne: «Diir na
Yàlla mbagg, lu nu doyeeti seede? Yeena
dégg ni mu diire Yàlla mbagg!

* **26.61** Seetal ci *Yowaan* 2.19-22. † **26.64** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1; *Dañeel* 7.13-14.

66 Lu ngeen ci xam nag?» Ñu ne: «Dee
mooy àtteem!»
67 Ca lañu ko tifli ci kanam, dóor ko ay
këmëx. Ñeneen ña talaata ko,
68 te naan ko: «Almasée, waxal nu kàdduy
waxyu boog, ana ku la dóor?»

### *Piyeer jàmbu na*

69 Ci biir loolu Piyeer a nga toogoon ca
biti, ca ëtt ba. Ab surga bu jigéen dikk ba
ca moom, ne ko: «Yaw itam yaak Yeesum
Galilee àndoon.»
70 Teewul Piyeer miim ko ci kanam ñépp
ne ko: «Xawma li ngay wax.»
71 Gannaaw gi, Piyeer génn jëm ca bunt
ba, beneen surga bu jigéen gis ko, ne ña fa
nekkoon: «Kii mook Yeesum Nasaret a
àndoon.»
72 Teewul Piyeer dellu miim ko ci kaw
ngiñ, ne: «Xawma kooku!»
73 Nes tuut ña fa taxawoon dikk ne
Piyeer: «Yaw itam kay ci ñoom nga bokk, sa
waxin a la feeñal.»
74 Ca la tàmbalee waat aka giñ, ne: «Ki
ngeen di wax, man xawma ko.» Ca saa sa
ganaar sab.
75 Piyeer daldi fàttaliku la Yeesu waxoon
ne: «Bala ganaar a sab, dinga ma jàmbu
ñetti yoon.» Mu génn nag, di jooy jooy yu
metti.

## 27

### *Yuda réccu na*

1 Ca suba teel mboolem sarxalkat yu
mag ya ak magi askan wa féncoo, ngir teg
Yeesu àtteb dee.
2 Ñu yeew ko, yóbbu, jébbal ko Pilaat
boroom réew ma.
3 Yuda ma wor Yeesu nag, ba mu gisee
na ñu tege Yeesu àtteb dee, ca la réccu,
daldi delloo fanweeri poseti xaalis ya ca
sarxalkat yu mag ya ak magi askan wa.
4 Mu ne: «Bàkkaar naa ba ma woree
jàmbur bu deful dara, ñu tuur deretam.»
Ñu ne ko: «Lu ciy sunu yoon? Yaa xam!»
5 Ba mu ko defee Yuda sànni xaalis ba ca
kër Yàlla ga, jóge fa, dem, wékk boppam,
xaru.
6 Sarxalkat yu mag ya nag for xaalis ba,
ne: «Yoon mayewul ku def xaalis bi ci
dencukaayu kër Yàlla gi, ndax peyug deret
la.»
7 Gannaaw ba ñu ca diisoo, ab toolu
defarkatu ndaa lañu jënd ca xaalis ba, ngir
di fa suul doxandéem yi.
8 Loolu moo tax Toolu deret lañu ko
woowe ba tey ji.
9 Noonu la kàddu ga jottalikoo woon ci
Yonent Yàlla Yeremi sottee. Mooy ba mu
nee:
«Jël nañu fanweeri dogi xaalis ya,
muy njëgu nit ka ñu xayma,
te bànni Israayil di ñi ko xayma,
10 weccee ko toolu tabaxkatu ndaa ba,
na ma ko Boroom bi sante woon*.»

### *Yeesu taxaw na fa kanam Pilaat*

11 Yeesu nag taxaw ca kanam Pilaat
boroom réew ma. Boroom réew ma laaj ko,
ne ko: «Yaw yaa di buurub Yawut yi?»
12 Yeesu ne ko: «Yaa ko wax.» Teewul ba
ko sarxalkat yu mag ya ak magi askan wa
di tuumaal, tontuwu ca.
13 Ca la ko Pilaat ne: «Xanaa dégguloo li
ñu lay jiiñ lépp?»
14 Yeesu nag tontuwu ko ci lenn, ba tax
boroom réew ma jaaxle lool.
15 Fekk na màggal gu nekkaan, boroom
réew ma daan na may askan wa, ñu tànn
ca ña ñu tëj kaso, kenn nit ku ñu bëgg, mu
bàyyi kooka.
16 Booba amoon na ku ñu tëj ca kaso ba,
te muy ku siiw ku ñuy wax Barabas.
17 Ba ñu dajee nag, Pilaat ne leen: «Kan
ngeen bëgg, ma bàyyi ko, Yeesu Barabas,
am Yeesu mi ñuy wax Almasi bi?»
18 Booba xam na ne kiñaan a tax ñu
jàpplu Yeesu.
19 Naka la Pilaat toog ca jalu àttekaay ba,
soxnaam yeble ca moom ne ko: «Bul dugg
ci mbiri ku jub kooku, ndax tey sonn naa
lool ci biir gént ndax moom.»
20 Teewul sarxalkat yu mag ya ak magi
askan wa xiirtal mbooloo ma, ngir ñu ñaan
ñu bàyyi Barabas te reylu Yeesu.
21 Boroom réew ma nag ne leen: «Kan ci
ñaar ñii ngeen bëgg, ma bàyyil leen ko?» Ñu
ne ko: «Barabas.»

* **27.10** Seetal ci *Yeremi* 18.2-3; 19.1-2; 32.6-15; *Sàkkaryaa* 11.12-13.

22 Pilaat ne leen: «Nu may def Yeesu, mi
ñuy wax Almasi bi nag?» Ñépp ne ko: «Daaj
ko ci bant!»
23 Boroom réew ma ne leen: «Lu tax?
Ana lu bon lu mu def?» Teewul ñu gëna
xaacooti, ne: «Daajal ci bant!»
24 Pilaat nag gis ne amu ca pexe, te coow
lu réy a cay topp, mu sàkk ndox, raxas ay
loxoom ca kanam mbooloo ma, daldi ne:
«Set naa wecc ci deretu kii. Yeenay seet.»
25 Mbooloo mépp àddoondoo, ne: «Na nu
deretam dal, nook sunuy doom.»
26 Booba la leen Pilaat bàyyil Barabas,
Yeesu moom, mu cawlu ko ay kàcciri, ba
noppi teg ko ciy loxo, ngir ñu daaj ko ci
bant.

### *Takk-der ya ñaawal nañu Yeesu*

27 Ba mu ko defee takk-deri boroom
réew ma yóbbu Yeesu kër buur, ñu daldi
woo gàngoor ga gépp ca kawam.
28 Gannaaw loolu ñu futti ko, solal ko
mbubb mu xonq curr,
29 teg ci boppam kaala gu ñu ràbbe ay
dég, ba noppi teg aw yet ci loxol
ndijooram. Ñu sukk ci kanamam, di ko
ñaawal, naan: «Buuru Yawut yée, guddaluw
fan!»
30 Ci kaw loolu ñu di ko tifli, fab yet wa,
di ko dóor ci bopp.
31 Ba ñu ko ñaawalee ba noppi, dañoo
summi mbubb ma, solal ko ay yéreem,
door koo yóbbu, ngir ñu daaj ko ci bant.

### *Daaj nañu Yeesu*

32 Ba ñu génnee, jenn waay ju ñuy wax
Simoŋ te dëkk Siren† lañu dajeel; moom
lañu gàdduloo bant ba ñu daaj Yeesu.
33 Ñu dem ca béreb ba ñuy wax Golgota,
muy firi bérebu Kaaŋu bopp‡.
34 Ci kaw loolu ñu may ko biiñ bu ñu
jaxaseek wextan, ngir mu naan§. Teewul
ba mu ca ñamee, nanguwu koo naan.
35 Ba loolu amee ñu daaj Yeesu ca bant
ba, daldi tegoo bant ay yéreem, séddoo ko*.
36 Ba loolu wéyee ñu toog fa, di ko wattu.
37 Fa féete boppam kaw nag, ñu teg fa lu
ñu bind tuumaam ja ko daanlu, mbind ma
ne: «Kii mooy Yeesu, buurub Yawut yi.»
38 Ca lañu daajaale ak Yeesu ñaari
fippukat ya, kii ci ndijooram, kee ca
càmmoñam†.
39 Ña fa jaare nag di ko saaga aka wëcc
bopp‡,
40 naan: «Acam, yaw miy toj kër Yàlla gi,
tabaxaat ko ci ñetti fan, musalal sa bopp
boog; gannaaw yaa di Doomu Yàlla, wàccal
bant bi!»
41 Sarxalkat yu mag ya it naka noonu,
ñook firikati yoonu Musaa ya ak magi
askan wa. Ñu di ko ñaawal, naan:
42 «Moom day musle te manul musal sax
boppam! Mooy buurub Israayil, na wàcc
bant bi léegi kay, nu gëm ko.
43 Gannaaw Yàlla la wóolu, na ko Yàlla
daldi musal, su ko soobee, ndegam nee
naay: "Maay Doomu Yàlla."»
44 Fippukat ya ñu daajaale ak moom
itam, di ko tifaare ay saaga.

### *Yeesu saay na*

45 La tàmbalee fukki waxtu ak ñaar ca
bëccëg nag, ag lëndëm a wàcc ca réew ma
mépp, ba fukki waxtu ak juróom ca ngoon.
46 Wetu fukki waxtu ak juróom ca
ngoon, ca la Yeesu àddu ca kaw ne: «Eli, Eli,
lema sabaktani?» Loolu di tekki «Sama
Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga wacc ma§?»
47 Ñenn ca ña fa taxaw dégg ca, ne:
«Yonent Yàlla Ilyaas de la kii di woo.»
48 Ci kaw loolu kenn ca ñoom daw, jël ab
sagar, xooj ko ci bineegar, lonk ci bant,
tàllal ko ko, ngir mu naan.
49 Teewul ña ca des ne: «Bàyyil, nu seet
ndax Ilyaas ay ñëw, wallu ko.»
50 Yeesu nag àddooti ca kaw, daldi yiwi
noo ga.
51 Ca saa sa ridob biir néegu Yàlla ba dale
ca kaw ba ca suuf, xar ñaar, suuf sa yëngu,
doj ya xar,
52 bàmmeel ya ubbiku, néewi aji sell ñu
bare ñu nelawoon, daldi dekki,

---

† **27.32** ***Siren,*** ab dëkk la bu nekkoon ci tefesu bëj-gànnaaru Afrig te féete Misra sowu. ‡ **27.33** ***bérebu Kaaŋu bopp*** mooy tund wu nirook kaaŋu bopp. § **27.34** Seetal ci *Taalifi cant* 69.22. * **27.35** Seetal ci *Taalifi cant* 22.19. † **27.38** Seetal ci *Esayi* 53.12. ‡ **27.39** Seetal ci *Taalifi cant* 22.7-8. § **27.46** Seetal ci *Taalifi cant* 22.2.

[53] génne ca bàmmeel ya. Gannaaw ba
Yeesu dekkee, dugg nañu ca dëkk bu sell
ba, ba feeñu ñu bare.
[54] Njiitu takk-der ba ak ña àndoon ak
moom di wattu Yeesu nag, ba ñu gisee suuf
sa yëngu ak mboolem la xew, dañoo tiit
lool, ba ne: «Aylayéwén kii Doomu Yàlla la.»
[55] Ay jigéen ñu baree nga fa woon, dànd
leen lu sore, di seetaan. Ña nga toppe
woon Yeesu fa Galile, di ko toppatoo.
[56] Maryaama ma dëkk Magdala ca la, ak
Maryaama yaayu Yanqóoba ak Yuusufa,
ak yaayu doomi Sebede ya.

### *Rob nañu Yeesu*

[57] Ba ngoon jotee, jenn waay ju dëkke
Arimate, ku Yàlla baaxe, ñu di ko wax
Yuusufa, te muy taalibeb Yeesu moom ci
boppam,
[58] moo dem ca Pilaat, laaj ko néewub
Yeesu. Pilaat joxe ndigal, ñu jox ko ko.
[59] Ci kaw loolu Yuusufa jël néew ba,
sànge ko càngaayal lẽe lu set,
[60] denc ko ci bàmmeelu doj bu bees, bu
mu yattaloon boppam. Ba loolu amee mu
béraŋ doj wu mag, ube ko buntu bàmmeel
ba, daldi dem.
[61] Fa la fekk Maryaama ma dëkk
Magdala, ak meneen Maryaama ma, ñu
toog janook bàmmeel ba.
[62] Ca ëllëg sa nag, topp ca bésub Waajalu
Noflaay, sarxalkat yu mag ya ak Farisen
ya ñoo daje, dem ca Pilaat.
[63] Ñu ne ko: «Sang bi, danoo fàttaliku ne
naxekat boobu daa waxoon ba muy dund
ne: "Gannaaw ñetti fan dinaa dekki."
[64] Kon nag ngalla joxeel ndigal, ngir
wattulu bàmmeelam, ba ca ñetteelu fanam,
bala ay taalibeem dikk, sàcc néew bi, te
naan askan wi, dekki na, te kon naxe gu
mujj gi mooy yées gu njëkk ga.»
[65] Pilaat ne leen: «Am ngeen ay
wattukat, demleen wattuji ko nu ngeen
mane.»
[66] Ñu dem nag, ngir sàmmi bàmmeel ba,
daldi cay tay doj wa koy ub, boole ca teg fa
ay wattukat.

## 28

### *Yeesu Almasi bi dekki na*

[1] Gannaaw bésub Noflaay ba nag, ca
bésub dibéer ba jiitu ca ayu bésu Yawut ya,
Maryaama ma dëkk Magdala ak
Maryaama meneen ma ñoo dem, seeti
bàmmeel ba.
[2] Ca saa sa suuf yëngu yëngu bu mag; am
malaakam Boroom bi wàcce asamaan,
dikk béraŋ doj wa, toog ca kaw.
[3] Aw meloom a ngay niru melax, ay
yéreem weex tàll.
[4] Wattukat ya tiit di lox, ba mel ni ñu dee.
[5] Malaaka ma nag àddu ne jigéen ña:
«Buleen tiit. Xam naa ne Yeesu ma ñu
daajoon ngeen di seet.
[6] Nekku fi, nde dekki na, na mu ko waxe
woon. Ñëwleen seet fi mu tëddoon,
[7] te ngeen dem gaaw, wax ay taalibeem
ne leen: "Dekki na te kat jiituji na leen
Galile; foofa ngeen koy gise." Lii maa leen
ko wax.»
[8] Ba loolu amee jigéen ña fëxe ca
bàmmeel ba, ànd ak tiitaange ak mbég mu
réy. Ñu daldi daw yégali ko taalibe ya.
[9] Ci biir loolu rekk Yeesu jekki dajeek
ñoom, ne leen: «Jàmm ngeen am!» Ñu ne
gurub, jàpp cay tànkam, sujjóotal ko.
[10] Yeesu ne leen: «Buleen tiit, demleen ne
samay bokk, ñu dem Galile; foofa lañu
may gise.»
[11] Naka lañuy dem, ndeke ñenn ca
wattukat ya délsi nañu ca dëkk ba, ba àgge
sarxalkat yu mag ya mboolem la xew.
[12] Ba ñooña dajee ak magi askan wa, ba
diisoo, xaalis bu takku lañu jox takk-der
ya,
[13] ne leen: «Dangeen di wax ne: "Ay
taalibeem a dikk guddi, fekk nu nuy
nelaw, ñu sàcc néewam."
[14] Bu ci boroom dëkk bi jotee, noo koy
naxtaan, te dinanu fexe ba ngeen mucc
loraange.»
[15] Wattukat ya nag jël xaalis ba, daldi
def la ñu leen sant. Mbir moomu law na ci
biir Yawut yi ba bésub tey jii.
[16] Fukki taalibe ya ak benn nag dem
Galile, ba ca tund wa leen Yeesu digaloon.
[17] Ci kaw loolu ñu gis ko, daldi koy
sujjóotal. Teewul ñenn ña am xel ñaar.
[18] Yeesu dikk ne leen: «Joxees na ma
bépp sañ-sañ fa asamaan ak fi kaw suuf.

19 Kon demleen sàkk ay taalibe ci xeet
yépp, sóobleen leen ci ndox ci turu Baay bi
ak Doom ji ak Noo gu Sell gi,
20 te ngeen jàngal leen ñu sàmm
mboolem li ma leen sant. Maa ngii nag, di
nekk ak yeen bés bu nekk, ba kera àddina
di tukki.»

# Xibaaru jàmm bu Almasi Yeesu, ci jottalib Màrk

Màrk taalibeb Piyeer la, te Piyeer bokk na ci taalibe yi gëna jege Yeesu (*1.Piyeer* 5.13). Màrk xam na it njàngaleem ndawal Yeesu li tudd Póol (*Filemon* 24; *2.Timote* 4.11). Yaayu Màrk, Yerusalem la dëkk (*Jëf ya* 12.12).

Fanweeri at gannaaw bi Yeesu deewee, la Màrk bind téereem, ngir tontu laaj bii: kan mooy Yeesu? Day wone kéemaan yi Yeesu def ak sañ-sañam ci ngelaw li ak ci géej gi sax. Li gëna fés ci nettali bi mooy bi Piyeer di wax Yeesu, naan ko: «Yaa di Almasi bi» (8.29). Gannaaw loolu, Yeesu tegu ci yoonu Yerusalem fi mu xame ne foofa la wara deewee. Coonoom ak deewam ñooy wone li waral mu nekk Almasi bi: «Ñëwul ngir ñu di ko surgawu, waaye mu nekk surga, ba far joxe bakkanam, def ko njotug ñu bare» (10.45).

Ci tënk:

- 1.1-13 Yaxya soob na Yeesu ci ndox, Seytaane di ko jéema fiir.
- 1.14—9.50 Yeesu wone na gëddëm ci jàngaleem, ci kéemaan yi mu def.
- 10.1-52 Yeesu tukki na Yerusalem.
- 11.1—15.47 Ayu bés bu mujj bu Yeesu.
- 16.1-20 Yeesu dekki na, feeñu na ay taalibeem.

### *Yaxya waare na*

1 Lii mooy ndoortel xibaaru jàmm bu
Yeesu Almasi bi, Doomu Yàlla ji*.
2 Mu doore ni ñu ko binde ci téereb
Yonent Yàlla Esayi, fu Yàlla ne:
«Maa ngii di yebal sama ndaw, mu jiitu la,
xàllal la saw yoon†.
3 Baatu nit a ngi xaacoo ca màndiŋ ma,
naan:
“Nangeen xàll yoonu Boroom bi,
juballeen ay xàllam‡.”»
4 Yaxya nag dikk ca màndiŋ ma, di
waare lu jëm ci tuubeel gu nit ñi wara
fésale ag sóobu cim ndox, ngir Yàlla jéggal
leen seeni bàkkaar.
5 Ci kaw loolu mboolem diiwaanu Yude
ak waa Yerusalem ñépp bàbbeeku, jëm ca
Yaxya. Ñu tudd seeni bàkkaar, Yaxya sóob
leen ca dexu Yurdan.
6 Yaxyaa nga sol mbubb mu ñu ràbbe
kawaru giléem, laxasoo laxasaayu der ca
ndigg la, di dundey njéeréer ak lemu àll.
7 Mu waare, ne: «Am na ku ma sut kuy
ñëw sama gannaaw, kooku, buumi
caraxam sax yeyoowumaa sëgg, di ko ko
feccil.
8 Man cim ndox laa leen sóob, waaye
moom de, ci Noo gu Sell gi la leen di sóob.»

### *Yaxya sóob na Yeesu ca dexu Yurdan*

9 Ca fan yooyu la Yeesu bàyyikoo dëkk ba
ñuy wax Nasaret ca diiwaanu Galile. Mu
dikk, Yaxya sóob ko ca dexu Yurdan.
10 Naka la Yeesu génn ndox ma ca saa sa,
daldi gis asamaan xar, Noowug Yàlla, wàcc
ni am pitax, ca kawam,
11 baat jibe asamaan, ne: «Yaa di sama
Doom, sama soppe; yaw laay bànneexoo.»

### *Yeesu dékku na fiiri Seytaane*

12 Ca saa sa Noowug Yàlla jañax Yeesu,
ba ca biir màndiŋ ma.
13 Nekk na ca màndiŋ ma ñeent fukki
fan, Seytaane di ko fiir, mu nekkandook
rabi àll yi, malaaka yi di ko toppatoo.

### *Yeesoo ngi waare*

14 Gannaaw ba ñu tëjee Yaxya kaso,
Yeesu dem Galile, di waare xibaaru jàmm
bu Yàlla bi,
15 naan: «Waxtu wa mat na, nguurug
Yàlla dëgmal na. Tuubleen seeni bàkkaar te
gëm xibaaru jàmm bii.»

### *Yeesu tànn na ñeenti taalibe*

16 Yeesoo doon jaare tàkkal dexu Galile,
daldi gis ku ñuy wax Simoŋ ak Àndre,
rakkam ju mu bokkal ndey ak baay. Ña
ngay mbaal ca dex ga, ndax ay nappkat
lañu woon.
17 Yeesu ne leen: «Ñëwleen topp ma, ma
def leen nappkati nit.»
18 Ñu won mbaal ya gannaaw ca saa sa,
daldi topp ca moom.

* **1.1** Yàlla ci boppam moo woowe Yeesu doomam. Seetal ci aaya 11. † **1.2** Seetal ci *Malasi* 3.1. ‡ **1.3** Seetal ci *Esayi* 40.3.

19 Yeesu doxaat tuuti, gis Yanqóoba
doomu Sebede ak Yowaan mi Yanqóoba
bokkal ndey ak baay. Ña nga ca gaal ga, di
gaar seeni mbaal.
20 Yeesu woo leen ca saa sa, ñu bàyyi
seen baay Sebede ca gaal ga, mook surga
ya, daldi topp ca moom.

### *Yeesu tàmbali naa wone gëddëm*

21 Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya jàll
biir dëkk ba ñuy wax Kapernawum. Naka
la bésub Noflaay taxaw, Yeesu daldi dugg
ca biir jàngub Yawut ba, di jàngale.
22 Ñu yéemu ca njàngaleem ndax sañ-sañ
ba mu leen di jàngale niroowul ak na la
firikati yoonu Musaa yay jàngalee.
23 Jenn waay a nga woon ca seen biir
jàngu ba, rab a ko jàpp. Mu jekki di xaacu,
naan:
24 «Yaw Yeesum Nasaret, ana lu nu
joteek yaw? Alagsi nu mooy say tànk? Xam
naa yaa di kan, yaa di Aji Sell ju Yàlla ji.»
25 Yeesu nag gëdd ko, ne ko: «Noppil te
génn nit ki!»
26 Rab wu bon wa daane waa ja ba muy
say, mu yuuxu yuux gu réy, doora génne ca
waa ja.
27 Ba loolu amee ñépp yéemu, naan ca
seen biir: «Lii lu mu doon? Guléet mii
njàngale! Céy bii xam-xam bu ànd ak
sañ-sañ! Rab yi sax, mu jox leen ndigal, ñu
def!»
28 Turu Yeesu nag law a law ca saa sa, ba
dajal diiwaanu Galile gépp.

### *Yeesu faj na jarag yu bare*

29 Gannaaw ba Yeesu ak Yanqóoba ak
Yowaan génnee ca jàngu ba, dañoo ànd ca
saa sa, dem kër Simoŋ ak Àndre.
30 Fekk yaayu jabaru Simoŋ tëdd ndax
yaram wu tàng. Ñu yégal ko Yeesu.
31 Mu dikk ba ca soxna sa, jàpp ca
loxoom, yékkati ko, tàngooru yaram wa
teqalikook soxna sa, mu di leen toppatoo.
32 Ba ngoon jotee ba jant so, ñu indil
Yeesu mboolem ñi wopp ak ñi rab jàpp,
33 dëkk ba bépp daje ca buntu kër ga.
34 Ci biir loolu ñu bare ñu ame ay
jàngoroy jàngoro, mu wéral leen, rab yu
bare, mu dàq leen. Waaye gannaaw rab ya
xam nañu ko, mayu leen ñu wax.

### *Yeesu wéetoo na ak Yàlla*

35 Ca ëllëg sa, laata bët di set, Yeesu jóg,
génn, dem, ba àgg benn béreb bu wéet. Mu
di fa ñaan Yàlla.
36 Ci biir loolu Simoŋ aki àndandoom di
ko seet.
37 Ba ñu ko gisee, ne ko: «Ñépp a ngi lay
seet.»
38 Yeesu ne leen: «Nan dem feneen ci
dëkk yi nu wër ngir ma waare foofu itam,
ndax looloo ma taxa génn.»
39 Ci kaw loolu muy wër diiwaanu Galile
gépp, di waare ci seeni jàngu, di dàq rab yi.

### *Yeesu faj na ku gaana*

40 Gannaaw loolu genn gaana dikk ba ca
moom, di ko ñaan, daldi sukk, ne ko: «Su la
soobee, man nga maa setal.»
41 Yërmande jàpp Yeesu, mu tàllal loxoom,
laal ko, ne ko: «Soob na ma, setal.»
42 Ca saa sa ngaana ga teqalikook
moom, mu set wecc.
43 Yeesu nag artu ko bu baax, yiwi ko ca
saa sa, ne ko:
44 «Fexeel ba bul wax kenn dara, demal
rekk ca sarxalkat ba, ngir mu seet la, te
nga génne sa saraxu setlu ni ko yoonu
Musaa santaanee§, ngir muy firnde ci
ñoom.»
45 Waaye naka la waa ja génn, tàmbalee
yéene, siiwal mbir ma, ba tax Yeesu
manatula siiwal duggam cib dëkk, xanaa
mu féetewoo béreb yu wéet ca fa ko wër.
Teewul nit ñiy jóge fu nekk, di ko fekki.

## 2

### *Yeesu faj na ab lafañ*

1 Ba mu amee ay fan Yeesu délsi dëkk ba
ñuy wax Kapernawum, nit ñi yég ne ñibbisi
na.
2 Ba mu ko defee ñu bare daje fa, ba
xajatuñu ca bunt ba sax. Yeesu nag di leen
xamal kàddu gi.
3 Ci biir loolu ñu dikk, indil ko ab lafañ,
ñeenti nit jàppoo ko.
4 Waaye manuñu koo àggale ca moom
ndax mbooloo ma. Ñu yéeg, bënn kaw taax
ma, bëtte ko ca wet ga tollook fa Yeesu
féete. Ñu yoor nag basaŋ ga lafañ ba tëdd.

§ **1.44** Seetal ci *Sarxalkat yi* 14.1-32.

5 Yeesu seetlu seen ngëm, daldi ne lafañ
ba: «Doom, jéggalees na la say bàkkaar.»
6 Ay firikati yoonu Musaa nga fa woon
toog. Ña ngay wax ca seen xel naan:
7 «Lu kii di wax nii? Yàlla de lay diir
mbagg. Ana ku mana jéggaley bàkkaar, ku
dul Yàlla doŋŋ?»
8 Ca saa sa Yeesu yég ci xelam la ñuy
nàttable ci seen xel. Mu ne leen: «Li ngeen
di nàttable nii ci seen xel, ana lu ko waral?
9 Ana yii yaar, lu ci gëna yomb: ne lafañ
bi "Jéggalees na la say bàkkaar," am ne ko:
"Jógal, jël sa basaŋ te dox"?
10 Kon nag dingeen xam ne Doomu nit
ki am na ci kaw suuf, sañ-sañu jéggale ay
bàkkaar.» Mu ne lafañ ba:
11 «Dama ne, jógal, jël sa basaŋ, te ñibbi.»
12 Mu jóg, jël basaŋ ga ca saa sa, daldi
génn fa kanam ñépp, ba ñépp waaru, di
sàbbaal Yàlla, naan: «Lu mel nii, masunu
koo gis!»

## *Yeesu woo na Lewi*

13 Yeesu génnati, awe tàkkal dex ga,
mbooloo mépp di ñëw ca moom, mu di
leen jàngal.
14 Naka la Yeesuy dem, daldi gis ku ñuy
wax Lewi*, doomu Alfe, mu toog ca juuti
ba. Yeesu ne ko: «Kaay, topp ma.» Mu jóg,
topp ko.
15 Yeesoo doon lekk ca kër Lewi, lu bare
ci ay juutikat aki bàkkaarkat dikk, ñu bokk
di lekk, ñook Yeesu aki taalibeem, ndax ñu
baree ko toppoon.
16 Firikati yoonu Musaa ya bokk ca
Farisen ya gis Yeesu bokk lekk ak
bàkkaarkat yaak juutikat ya. Ñu ne ay
taalibeem: «Juutikat yeek bàkkaarkat yi lay
bokkal lekk nag?»
17 Yeesu nag dégg ca, ne leen: «Du ñi wér
ñoo soxla fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla. Du
ñi jub laa woosi, bàkkaarkat yi laay woo.»

## *Koor am na bésam*

18 Taalibey Yaxya ak Farisen yee doon
woor. Ay nit dikk, ne Yeesu: «Lu tax
taalibey Yaxya ak taalibey Farisen yi di
woor, te say taalibe duñu woor?»
19 Yeesu ne leen: «Ana nu xariti boroom
séet mana woore, te boroom séet bi teew
ci seen biir? Li feek boroom séet baa ngi ci
seen biir duñu mana woor.
20 Teewul ay jant a ngi ñëw, dees na fi
jële boroom séet bi. Bésub keroog nag
dinañu woor.
21 «Kenn du jël sekkit wu yees, di ko
daaxe mbubb mu ràpp. Lu ko moy sekkit
wi day ñoddi ndimo la ràpp, mbubb ma
gëna xar.
22 Biiñ bu bees it, deesu ko sotti ci
mbuusum der yu ràpp. Lu ko moy biiñ bi
fàcc mbuus yi, biiñ yàqu, mbuus yi yàqu.
Biiñ bu bees daal, mbuus mu bees.»

## *Bésub Noflaay, Yeesooy boroom*

23 Bésub Noflaay la Yeesu jaare woon ay
tool yu ñor, taalibeem ya ànd ak moom,
tàmbalee fàq ay gub ca yoon wa.
24 Farisen ya nag ne Yeesu: «Danu ne, lu
waral sa taalibe yi di def lu yoon mayewul
ci bésub Noflaay?»
25 Yeesu ne leen: «Xanaa masu leena jàng
la Daawuda defoon, ba mu tolloo diggante
te xiif, moom ak ña mu àndaloon?
26 Ba Daawuda duggee ca kër Yàlla ga,
jant ya Abyatar dee sarxalkat bu mag ba,
mburum teewal ma la lekk, te yoon
mayewul kenn ku ca lekk, ku dul
sarxalkat ba. Sédd na ca sax ña mu àndal.»
27 Yeesu dellu ne leen: «Bésub Noflaay,
dees koo sàkk ngir nit ki. Waaye nit ki,
sàkkeesu ko ngir bésub Noflaay.
28 Kon Doomu nit ki, bésub Noflaay it
mooy boroom.»

# 3

## *Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

1 Gannaaw loolu Yeesu duggati ca jàngub
Yawut ba. Boroom loxo bu làggee nga fa
woon.
2 Ay Farisen a ngay xool Yeesu, ba xam
ndax dina ko faj, te muy bésub Noflaay,
ngir ñu man koo tuumaal.
3 Yeesu ne boroom loxo bu làggi ba:
«Taxawal fii ci digg bi.»
4 Yeesu nag ne leen: «Ana lu yoon maye;
def lu baax bésub Noflaay am def lu bon?
Rawale bakkan am rey?» Ñu ne xerem.
5 Ci kaw loolu Yeesu dawal bëtu mer,
xool leen ñoom ñépp, boole kooku naqar

* **2.14** ***Lewi*** ak Macë kenn nit ki la.

ndax seen xol yu wow. Mu ne waa ja:
«Tàllalal loxo bi.» Mu tàllal, loxo ba wér.
6 Ba loolu amee Farisen ya génn, diisooji
ca saa sa ak farandooy Buur Erodd ca
mbirum Yeesu, ngir fexe nu ñu ko sànke.

### *Mbooloo topp na Yeesu*

7 Gannaaw loolu Yeesu aki taalibeem
jóge fa, jëm dex ga, mbooloom diiwaanu
Galile mu bare topp ko, ak waa diiwaanu
Yude itam,
8 ak waa Yerusalem ak Idume* ak wàllaa
Yurdan ak la wër Tir ak Sidon. Muy
mbooloo mu bare mu dégg mboolem la
muy def, daldi koy fekki.
9 Yeesu nag ne ay taalibeem, ñu waajal
ko gaal bala ko mbooloo maa tanc.
10 Ndax booba Yeesu jotoon naa faj ñu
bare, ba tax mboolem ña ame ay jàngoro
song ko, di ko wuta laal.
11 Rab ya itam, saa yu ñu ko gisaa, daldi
daanu fa kanamam, tey yuuxu naan: «Yaa
di Doomu Yàlla.»
12 Teewul Yeesu femmu rab ya bu baax,
ngir ñu bañ koo siiwal.

### *Yeesu tànn na fukki ndaw ak ñaar*

13 Gannaaw loolu Yeesu yéeg ca tund
wa, woo fa ña ko neex, ñooña dikk ba ca
moom.
14 Mu tabb ca fukk ak ñaar, tudde leen ay
ndawam, ngir ñuy ànd ak moom, ngir
itam, mu di leen yebal, ñu waareji,
15 mu joxaale leen xam-xamu dàq ay
rab.
16 Noonu la tabbe Fukk ak ñaar ñii, di
Simoŋ ma muy wax Piyeer,
17 ak Yanqóoba ak Yowaan, doomi
Sebede, ña Yeesu di wax Bowanerses, muy
firi Doomi dënu,
18 ak Àndre ak Filib ak Bartelemi ak
Macë ak Tomaa ak Yanqóoba doomu Alfe,
ak Tade ak Simoŋ, Mbokki kuréelu
Moom-sa-réew ma,
19 ak Yuda Iskaryo may mujj wor Yeesu.

### *Gii tooñ la Yàlla dul baale*

20 Yeesu dellooti kër ga, mbooloo ma
dajeeti fa, ba moom ak ay taalibeem
taluñoo sex dugub sax.
21 Ay bokkam dégg la xew, daldi dikk,
ngir jàppsi ko, naan dafa teqalikoo ak
sagoom.
22 Firikati yoonu Musaa ya jotoona
wàccsee Yerusalem it ne: «Kii, Beelsebul a
ko jàpp. Buuru rab boobu lay dàqe ay rab.»
23 Ba mu ko defee Yeesu woo leen, léeb
leen ay léeb, ne leen: «Ana nu Seytaane
mana dàqe Seytaane?
24 Ag nguur de, su dee xàjjalikoo ci
biiram, googa nguur du mana yàgg.
25 Ag kër it, su dee xàjjalikoo ci biiram,
googa kër du mana yàgg.
26 Seytaane nag, su jógee di xàjjalikoo ci
biiram, du mana yàgg, day jeexal rekk.
27 «Du kenn moos ku mana dugg kër
ponkal, buub alalam! Xanaa mu njëkka
yeew ponkal mi, doora mana toj kër ga.
28 Maa leen ko wax déy, lu mu mana
doon, dees na ko jéggal doom aadama, mu
diy bàkkaaram, ak mboolem kàddug saaga
Yàlla.
29 Waaye képp ku saaga Noo gu Sell gi,
deesu ko jéggal mukk; day gàddu bàkkaar
ba fàww.»
30 La ñu ne rab a ko jàpp moo waral mu
wax leen loolu.

### *Déggal Yàllaa gën bokk ak Yeesu*

31 Yaayu Yeesu moo dikkoon, ànd ak ay
rakki Yeesu. Ñu taxaw ca biti, yónnee, woo
ko.
32 Booba mbooloo nga toog, wër ko. Ñu
ne ko: «Sa yaay ak say rakk kat ñu ngi ci
biti, di la seet.»
33 Yeesu ne leen: «Ana kan mooy sama
yaay? Ak ñan ñooy samay rakk?»
34 Mu dawal nag bëtam, xool ña ko yéew,
daldi ne: «Dama ne, ñii ñooy sama yaay ak
samay rakk.
35 Ndax kuy jëfe coobarey Yàlla, kooku
moo di sama rakk ju góor, di samab jigéen,
di sama yaay.»

## 4

### *Jiwu wuute na aw demin*

1 Yeesu tàmbalee jàngaleeti ca tàkkal dex
ga, mbooloo mu bare daje fa moom, ba
mu mujj dugg ci gaal, toog ca biir, ca kaw

* **3.8** ***Idume*** mooy diiwaanu Edom ci làkku gereg. Ci Yuda la bokkoon, wetu bëj-saalumam.

dex ga, mbooloo mépp des ca tàkk ga,
feggook ndox ma.
2 Noonu Yeesu jàngal leen lu bare ciy
léeb. Mu jàngal leen, ne leen:
3 «Dégluleen, dama ne, boroom jiwu moo
demoon jiwi.
4 Naka lay saaw, ndeke lenn ca jiwu
maa nga tuuru ca kaw yoon wa, picc yi
dikk, lekk ko.
5 Leneen la tuuru fu barey doj, te suuf sa
néew. Mu ne coleet ca saa sa, ndax la suuf
sa xóotul.
6 Ba jant bi jógee, mu lakk, daldi wow,
ndax ñàkkub reen.
7 Leneen la tuuru ca xaaxaam ma,
xaaxaam ma sëq, tanc ko, ba meññul dara.
8 La des ca jiwu ma tuuru ca suuf su
baax. Mu sax, màgg, ba meññ; wii fepp
meññal fanweer, wee, juróom benn fukk,
wale, téeméer.»
9 Yeesu nag ne leen: «Ku am nopp yu mu
dégge kat, na dégg.»
10 Gannaaw loolu Yeesu beru, fukki
taalibe yaak ñaar ak ñeneen ñu daje fa
moom daldi koy laaj lu léeb yooyuy wund.
11 Mu ne leen: «Yeen lañu xamal
mbóotum nguurug Yàlla, waaye ñi ci biti
ñoom, lépp ciy léeb lañu leen koy dëxëñal.
12 Su ko defee:
“Ñuy xoolee xoole te duñu gis,
di dégloo déglu te duñu dégg,
ngir bañ ñu dëpp, ñu baal leen*.”»
13 Yeesu neeti leen: «Dégguleen woowu
léeb? Nu ngeen di dégge léeb yi ci des yépp
nag?
14 Boroom nji mi, kàddu gi lay ji.
15 Ñi ci kaw yoon wi kàddu giy jiwe, ñooy
ñi déglu rekk, Seytaane dikk ci saa si,
foqati kàddu gi ci ñoom.
16 Ñee jote jiwu mi fu barey doj ñooy ña
déglu kàddu gi rekk, nangoo ko xol bu sedd
ci saa si,
17 waaye ab reen la jotula saxle ci ñoom,
moo tax duñu ko wéye. Bu coono dikkee
mbaa ñu bunduxataal leen ndax kàddu gi,
dañuy dellu gannaaw ca saa sa.
18 Ñeneen ña jote jiwu ma ca xaaxaam
ya, ñooy ña déglu kàddu gi,
19 te xalaati àddina ak naxey alal ak
yeneen xemmemtéef wàllisi, daldi fatt
kàddu gi, ba tax meññul.
20 Ñi jote jiwu mi ci suuf su baax si nag,
ñooy ñi déglu kàddu gi, nangu ko, ba
meññal; wii fepp, fanweer, wee, juróom
benn fukk, wale, téeméer.»

### *Kuy niitu du làqub làmp*

21 Yeesu neeti leen: «Ndax dees na indib
làmp, dëppeg leget? Am dees na indib làmp,
yeb ci ron lal? Du dees koy aj ca kaw
tegoom?
22 Mboolem lu làqu, siiwal lañu ca
namm, te mboolem lu umpe, xamle lañu
ca namm.
23 Ku am nopp yu mu dégge daal, na
dégg.»
24 Mu neeti leen: «Teewluleen bu baax li
ngeen di dégg. Natt bi ngeen di nattale,
moom lees leen di nattale, ba wis leen.
25 Ku am, dees na ko dolli. Ku amul nag,
la mu am as néew sax, dees na ko nangu.»

### *Jiwu wutul ndimbal*

26 Yeesu teg ca ne: «Nguurug Yàlla dafa
mel ni nit ku sànni jiwu fi suuf.
27 Buy nelaw ak bu yewwoo, guddi ak
bëccëg, jiwu maa ngi sax, di màgg, te
xamul nan la koy defe.
28 Suuf ay meññal boppam gàncax, jiital
am ñax, dem ba taxawal aw gub, ba ay
pepp mujj fees gub wa.
29 Pepp ñor, janti ngóob taxaw, mu
dawal sàrtam.»

### *Doomu fuddën mooy doon fuddën*

30 Yeesu neeti leen: «Ana lees mana
méngaleel nguurug Yàlla sax? Wan léeb
lees koy misaale?
31 Dafa mel ni doomu fuddën. Boo koy ji,
moo gëna tuut ci mboolem jiwu.
32 Waaye boo ko jiwee, mu sax, màgg, ba
sut gàncax gépp, daldi sax car yu réy, ba
njanaaw yi mana tàgge ci keram.»
33 Bare na léeb yu ni mel yu leen Yeesu
daan misaale kàddu gi, ca na ñu ko mana
xame.
34 Daawul wax ak ñoom lu moy ci ay léeb.
Bu wéetooki taalibeem nag, firil leen lépp.

### *Yeesu dalal na ngelaw la*

* **4.12** Seetal ci *Esayi* 6.9-10.

35 Bésub keroog ba ngoon jotee Yeesu ne
taalibe ya: «Nanu jàll wàllaa dex gi.»
36 Ñu daldi bàyyikoo ca mbooloo ma,
dem, yóbbaale Yeesu ca gaal ga mu des ba
tey, yeneen gaal topp ca moom.
37 Ba mu ko defee ngelaw la riddeek
doole, gannax yay dal ca kaw gaal ga, ba
mu bëgga fees.
38 Teewul Yeesoo nga ca taatu gaal ga,
tëdd, gegenu, di nelaw.
Taalibe ya yee ko, ne ko: «Kilifa gi, nu ngi
sànku, xanaa xalaatoo nu?»
39 Yeesu yewwu, daldi gëdd ngelaw la,
ne dex ga: «Dalal, neel tekk!» Ngelaw la ne
tekk, lépp ne sendaw.
40 Yeesu ne leen: «Lu ngeen di tiit?
Dangeena gëmul ba tey?»
41 Ba loolu amee ñu tiit lool, naan ca
seen biir: «Kii nag moo di kan, ba ngelaw
leek dex gi sax di ko déggal?»

# 5

## *Yeesu faj na ku rab jàpp*

1 Gannaaw loolu ñu jàll wàllaa dex ga, ca
diiwaanu waa Serasa*.
2 Naka la Yeesu génn gaal ga, jenn waay
ju rab jàpp bàyyikoo ca sëg ya, dikk dogale
ko.
3 Waa jaa nga dëkkoon ca sëg ya, te ag
càllala sax maneesu ko ko woona yeeweeti.
4 Daan nañu ko farala jéng, yeewe koy
càllala, waaye waa ja da daan dagg càllala
yi, damm jéng yi, ba kenn amul kàttanu
téye ko.
5 Guddeek bëccëg ma nga woon ca sëg
yaak ca tund ya, di yuuxooka for ay xeer,
di ko dagge yaramam.
6 Dafa séen Yeesu fu sore, daldi daw ba
agsi, sukk fa kanamam.
7 Mu xaacu ca kaw, ne: «Yaw Yeesu
Doomu Yàlla Aji Kawe ji, ana lu ma joteek
yaw? Dama lay dagaan ngir Yàlla, bu ma
mbugal.»
8 Booba Yeesoo nga ko naa: «Yaw rab wi,
génnal ci waa ji.»
9 Ci kaw loolu Yeesu ne ko: «Noo tudd?»
Mu ne ko: «Gàngoor laa tudd, ndaxte ñu
bare lanu.»
10 Muy tinu Yeesu lu bare ngir mu bañ
leena dàqe ca réew ma.
11 Fekk coggalu mbaam-xuux gu mag a
nga woon ca tund wa, di for.
12 Rab ya tinu Yeesu, ne ko: «Yebal nu ci
mbaam-xuux yi, ndax nu dugg leen.»
13 Mu may ko rab ya, ñu génn, duggi
mbaam-xuux ya, coggal ga bartaloondoo,
tàbbi ca dex ga, lu wara tollu ci ñaari junniy
(2 000) mbaam-xuux daldi lab ca dex ga.
14 Ba mu ko defee sàmm ya daw, nettaliji
ko waa dëkk ba, ak dëkk-dëkkaan ya, nit ña
dikk, di seet la xew.
15 Ñu dikk ba ci Yeesu, daldi gis boroom
rab ba, mu solu ba toog, ànd ak sagoom.
Nit ña nag tiit.
16 Ña fekke woon mbir ma daldi leen
nettali mbirum boroom rab baak
mbaam-xuux ya.
17 Ci kaw loolu ñuy tinu Yeesu ngir mu
génn seen gox ba.
18 Naka la Yeesu di dugg ca gaal ga,
boroom rab ba di tinu Yeesu, ngir ànd ak
moom.
19 Waaye Yeesu mayu ko ko. Da ne ko:
«Ñibbil sa kër ca say bokk, nga àgge leen li
la Boroom bi defal lépp ci yërmandeem.»
20 Waa ja it dem, di tàmbalee siiwtaane
ca diiwaan ba ñu dippee Fukki Dëkk, la ko
Yeesu defal lépp. Ñépp waaru.

## *Yeesu dekkal na, faj na*

21 Yeesu nag jàllaat dex ga, mbooloo mu
bare daje, wër ko fa mu nekk ca tàkkal dex
ga.
22 Ci biir loolu kenn ci njiiti jàngub
Yawut ba, ku ñuy wax Yayrus dikk. Naka
la gis Yeesu, ne gurub sukk ciy tànkam,
23 di ko tinu lu bare, ne ko: «Sama doom
ju jigéen ay bëgga faatu. Ngalla kaay teg ko
loxo, ngir mu mucc ba dund.»
24 Yeesu ànd ak moom, dem, mbooloo
mu réy topp ca Yeesu, tanc ko.
25 Sennas ndaw a nga ca woon, fukki at
ak ñaar ma ngay xëpp deret.
26 Fekk na mu sonn coono bu réy bu ko
fajkat yu bare teg. Mu sànk ci alalam jépp
te jëlewu ci genn tan, xanaa gëna wopp.

* **5.1** ***Serasa,*** diiwaan la bu féete dex ga bëj-saalum jàpp penku, ci gox bu ñu dul Yawut dëkke.

27 Mu déggoon nag turu Yeesu, ba tax mu
dikk, dugg ci biir mbooloo mi, doxe ko
gannaaw, teg loxoom ca mbubbam.
28 Fekk na mu naan ci xelam: «Su ma
fexee ba laal mbubbam rekk, dinaa
mucc.»
29 Ba mu tegee loxoom ca mbubbam
Yeesu, ca saa sa la deret ja taxaw, mu yég
ci yaramam, ne teqalikoo naak jàngoro ja.

30 Yeesu nag yég ca saa sa leer gu
bàyyikoo ca moom. Mu walbatiku ca biir
mbooloo ma, ne: «Ana ku laal sama
mbubb?»
31 Taalibeem ya ne ko: «Yaa ngi gis
mbooloo mi la tanc mépp, nga naa: “Ku
ma laal?”»
32 Teewul Yeesu dawal bëtam fa ko wër,
ngir gis ka def loola.
33 Ndaw saa nga tiit bay lox, ndax xam
na xéll la ko dikkal. Mu dikk, ne gurub
sukk fa moom, daldi koy wax dëgg gépp.
34 Yeesu ne ko: «Janq, sa ngëm a la faj.
Demal ak jàmm te teqalikook sa jàngoro.»

35 Yeesoo ngay wax, noppeegul, aw nit
jóge ca kër njiitu jàngu ba, dikk, ne njiit la:
«Sa doom faatu na. Jaratul ngay yékkati
kilifa gi.»
36 Yeesu nag tanqamlu wax ja ñu wax.
Mu ne njiit la: «Bul tiit, gëmal rekk.»
37 Ba Yeesu di dem kër njiit la, mayul
kenn mu ànd ak moom ku moy Piyeer ak
Yanqóoba ak Yowaan rakku Yanqóoba.

38 Ñu agsi kër njiit la, Yeesu yem ca coow
la. Ña ngay jooyooka yuuxoo.
39 Mu duggsi, ne leen: «Lu ngeen di soow
aka jooyoo? Xale bi deewul, day nelaw
rekk.»
40 Waaye ñu di ko ñaawal. Yeesu génne
ñépp, daldi woo baayu xale bi ak yaay ji,
ak taalibe ya mu àndal, ñu jàll ca biir fa
xale ba nekk.
41 Mu jàpp ca loxol xale ba, ne ko: «Talita
kumi,» mu tekki: «Janq, ma ne la, jógal.»

42 Ca saa sa janq ba jóg, di dox, ndax
amoon na fukki at ak ñaar. Ñépp waaru
lool.
43 Ci kaw loolu Yeesu dénku leen bu
baax, ne leen bu ko kenn yég, daldi ne ñu
may janq bi, mu lekk.

# 6

## *Nasaret gàntal na*

1 Ba loolu amee Yeesu jóge fa, dellu dëkk
ba mu yaroo, taalibe ya ànd ak moom.
2 Bésub Noflaay taxaw, mu tàmbalee
jàngale ca jàngub Yawut ba, ñu bare dégg
ko, yéemu naan: «Ana fu kii jële lii, ak
xam-xam bii ñu ko may, lu mu doon, ba yii
kéemaan sottee ci moom?
3 Xanaa kii du minise bi? Du doomu
Maryaama ji, magu Yanqóoba ak Yose ak
Yudd ak Simoŋ? Xanaa du nook jigéenam
ñee fi bokk dëkk?» Ñu daldi gise mbir ma
ag yabeel.
4 Yeesu nag ne leen: «Ab yonent de,
deesu ko xeebe fenn fu moy ci réewu
boppam ak ci biiri bokkam ak ci biir waa
këram.»
5 Foofa Yeesu manu fa woona def genn
kéemaan, lu moy jarag yu néew yu mu teg
loxo, wéral leen.
6 Yeesu nag yéemu ci seen ngëmadi.

## *Yeesu yeble na*

Ba mu ko defee Yeesu di wër dëkk ya, di
jàngale.
7 Ci biir loolu mu woo Fukk ñaak ñaar,
yebal leen ñaar-ñaar, joxaale leen sañ-sañu
dàq rab yi.
8 Mu jox leen ndigal, ne leen buñu
yóbbaale dara ngir fàggu yoon wi, lu moy
wenn yet doŋŋ, du mburu, du mbuus, du
weccitu xànjar wu ñuy fas ci seen geño.
9 Mu neeti leen man nañoo sol ay carax
waaye buñu yóbbaale ñaari turki.
10 Mu ne leen: «Fu ngeen dugge ci kër,
dalleen fa, ba kera ngeen dem.
11 Fépp fu ñu leen dalalul mbaa
dégluwuñu leen, bu ngeen fay génne,
faxasleen fa pënd bi ci seen tànk, ngir
seedeele leen ko seen ngàntal.»
12 Gannaaw loolu taalibe ya dem, di
waare ngir nit ñi tuub.
13 Ci biir loolu ñu dàq rab yu bare, diw
diwu oliw jarag yu bare, ba wéral leen.

## *Yaxya faatu na*

14 Buur Erodd nag dégg la xew, ndax
fekk na Yeesu siiw, ba nit ñi naa: «Yaxya
ma doon sóobe ci ndox moo dekki noonu,

moo waral xam-xam yu kéemaane yi feeñe
ci moom.»
15 Ñenn ña naa: «Kooku Ilyaas la.» Ña ca
des naa: «Kooku kay ab yonent la bu bokk
ca yonent yu njëkk ya.»
16 Ba ko Erodd déggee nag da ne: «Yaxya
ma ma doglu woon boppam man, Yaxya
moomu moo dekki!»
17 Erodd moom ci boppam moo yónnee
woon, jàpp Yaxya, yeew ko, tëj, ndax
gannaaw ba Erodd dencee Erojàdd jabaru
Filib magam,
18 Yaxya moo ko ne: «Yoon mayu la nga
denc sa jabaru mag.»
19 Moo taxoon Erojàdd soxna sa dencal
ko mer, ba bëgg koo rey, waaye manu ko
woon.
20 Ndaxte Erodd dafa ragaloon Yaxya, te
xamoon na ne nit ku jub la te sell, ba tax
mu di ko aar. Ku bége woona déglu Yaxya
la, doonte la mu ko wax indil na ko
njàqare.
21 Gannaaw gi, bés bu yell ñëw, Erodd
doon baaxantal bésu juddoom, daldi cay
defal bernde ay jaraafam ak njiiti gàngoor
yaak kàngami diiwaanu Galile.
22 Ci biir loolu doomu Erojàdd duggsi, di
fecc. Peccum janq ba neex Buur Erodd ak
gan ña. Buur ne ko: «Laaj ma loo bëgg, ma
jox la ko.»
23 Mu giñal ko, ne ko: «Loo ma mana laaj,
dinaa la ko jox, ba ci sama genn-wàllu
réew mi sax.»
24 Janq ba nag génn, ne yaayam: «Lu may
laaj?» Mu ne ko: «Xanaa boppu Yaxya.»
25 Mu daldi gaaw dugg ba ca Buur, wax
ko la muy laaj, ne ko: «Damaa bëgg, nga
indil ma léegi ci ndab boppu Yaxya.»
26 Buur nag daldi am lu ko metti lool,
waaye ngiñ la ak gan ña moo tax bëggu
koo gàntu.
27 Buur yebal ab dag, jox ko ndigal ngir
mu indil ko boppu Yaxya. Waa ja dem, dog
boppu Yaxya ca kaso ba,
28 daldi indi bopp bi ci ndab, jox ko janq
ba, janq ba jox ko yaayam.
29 Ba mu ko defee taalibey Yaxya dégg
ko, dikk, yóbbu néew ba, rob ko.

## *Yeesu leel na mbooloo*

30 Ndaw ya nag daje fa Yeesu, nettali ko
la ñu def ak la ñu jàngale lépp.
31 Ci kaw loolu Yeesu ne leen: «Yeen nag
dangeen di ñëw, nu daw ba fu wéet, ngeen
noppalu fa tuuti.» Booba ñay dem aka
dikk dañoo bare, ba taalibe ya talatuñoo
lekk sax.
32 Ñu jël gaal, daw jëm béreb bu wéet,
ngir beruji fa.
33 Teewul ñu bare gis leen ñuy dem,
daldi xam la ñu nar, dëkkoo dëkk nag nit ña
bàbbeekoo ca, tefesu, jiituji leen fa.
34 Ba Yeesu wàccee ca gaal ga, mbooloo
mu réy la gis. Mu ñeewante leen, ndax
dañoo mel ni xar yu amul sàmm. Mu daldi
leen jàngal lu bare.
35 Booba mu ngi bëgga guddi xaat.
Taalibe ya dikk, ne ko: «Fii àllub neen la, te
mu ngi guddi xaat.
36 Dangay yiwi mbooloo mi, ñu dugg ci
dëkk yu ndaw yii ak dëkk-dëkkaan yi ko
wër, ndax ñu jënd lu ñu lekk.»
37 Yeesu ne leen: «Yeen joxleen leen lu
ñu lekk.» Ñu ne ko: «Xanaa danuy jëndi
njëgu ñaari téeméeri poseti xaalis* ci
mburu, jox leen, ñu lekk?»
38 Yeesu ne leen: «Ñaata mburu ngeen
am? Demleen xool.» Ñu xool, ne ko:
«Juróomi mburu la ak ñaari jën.»
39 Ba loolu amee Yeesu ne leen ñu toogal
ñépp, ñu def ay géew ci ñax mu naat mi.
40 Ñu toog nag, ñii def géewi téeméer, ñee
géewi juróom fukk.
41 Ba mu ko defee Yeesu jël juróomi
mburu ya ak ñaari jën ya, xool kaw
asamaan, daldi yékkati kàddug cant, ba
noppi dogat mburu ya, jox taalibe ya, ngir
ñu taajal ko mbooloo ma. Ñaari jën ya it,
mu séddale ko ñépp.
42 Ñépp lekk ba regg,
43 ba ñu yóbbu fukki pañe ak ñaar yu fees
ak desiti mburu yaak jën ya.
44 Ña lekk ca mburu ya juróomi junniy
(5 000) góor lañu.

## *Yeesu dox na ca dex ga*

45 Ci kaw loolu Yeesu duggloo taalibeem
ya ca gaal ga, ngir ñu jàllagum, jiituji ca

* **6.37 *ñaari téeméeri poseti xaalis,*** mu tollook li ab surga daan feyu ci juróom ñetti weer.

Betsayda ga ca wàlla, ba mu yiwi mbooloo
ma.
46 Mu tàggatook ñoom, daldi yéegi ca tund
wa, ngir ñaan.
47 Ba guddi jotee, gaal gaa nga tollu ca
digg dex ga, Yeesu doŋŋ la fekk ca joor ga.
48 Mu gis nag na taalibe ya sonne ca
joow ba ndax booba ngelaw laa leen soflu.
Ba suuf di waaja sedd, Yeesu dox ci kaw
dex gi, wutsi leen, ba nar leena romb.
49 Ba ñu ko gisee nag muy dox ca kaw
dex ga, dañoo foog ne njuuma la, ñu daldi
yuuxoo.
50 Ñoom ñépp a jommi ba ñu ko gisee.
Mu daldi wax ak ñoom, ne leen: «Dalleen,
man mii la, buleen tiit!»
51 Mu dugg, fekksi leen ca biir gaal ga,
ngelaw la dal. Mbir ma waar leen ba ëlëm
leen,
52 ngir fekk na ñu réere mbir kéemaan ga
ca mburu ma ndax xol yu fattu.
53 Ba loolu amee ñu jàll dex ga, daleji
diiwaanu Senesaret, taxawal fa gaal ga.
54 Naka lañu wàcce ca gaal ga, nit ña
xàmmee Yeesu.
55 Ci kaw loolu nit ñay daw ca diiwaan
bépp. Ñu tàmbalee jàppoo ña wopp ca seen
kawi basaŋ, fépp fu ñu dégg Yeesu, yóbbu
leen fa.
56 Fépp fu mu dugg, muy dëkk bu ndaw,
di bu mag, ba ca dëkk-dëkkaan ya, ca pénc
mooma lañuy teg jarag ya, tey sarxu Yeesu,
mu may leen ñu laal lu mu bon bon cati
mbubbam, te képp ku ca laal, mucc nga.

# 7

## *Farisen aada la jiital*

1 Farisen ya ak ñenn ca firikati yoonu
Musaa yu jóge Yerusalem ñoo daje woon
fa Yeesu.
2 Ñu gis ñenn cay taalibeem di lekke loxo
te raxasuñu ba set ni ko aada bëgge.
3 Ndax muy Farisen ya, di Yawut yépp
sax, duñu lekk te raxasuñu ba set ndax
aaday maam ya ñu baaxoo.
4 Bu ñu jógee pénc ma it, duñu lekk te
tooyluwuñu. Ak yeneen yu bare yu ñu
baaxoo yu deme ni tooylu gi war ci
jumtukaay yu mel ni ay kaas aki njaq ak
ndabi xànjar.
5 Farisen yaak firikati yoon ya nag laaj
ko, ne ko: «Lu tax say taalibe toppuñu
aaday maam yi, xanaa ñuy lekke loxo yu
setul?»
6 Yeesu ne leen: «Jinigalkat yi! Naaféq yi
ngeen doon! Esayi yey na, ba mu jottalee
kàdduy waxyu ci seen mbir, noonu ñu ko
binde, ne:
“Askan wii, làmmiñ lañu may wormaale,
waaye seen xol sore na ma.
7 Seen njaamu Yàlla neen la,
seen njàngale di santaaney niti kese*.”»
8 «Dangeena dëddu santaaney Yàlla, topp
aaday nit.»
9 Mu ne leen: «Yeenaka xam nu ngeen di
neenale santaaneb Yàlla, ngir seen aaday
bopp mana sax!
10 Mu ngi mel ni fi Musaa ne: “Teralal sa
ndey ak sa baay,” neeti: “Ku saaga sa ndey
mbaa sa baay, dee rekk mooy àtteem†.”
11 Te yeen ngeen ne: “Ku ne sa ndey mbaa
sa baay: Li ma la waroona jàppale, korban
(muy firi sarax ngir Yàlla) laa ko def,”
12 may ngeen ko mu baña defalati dara
ndeyam mbaa baayam.
13 Kon seen aaday bopp ji ngeen di
donnante, moom ngeen neenale kàddug
Yàlla. Ak yeneen yu bare yu ni mel yu
ngeen di def.»
14 Yeesu wooti mbooloo ma, ne leen:
«Dégluleen ma yeen ñépp, te ngeen amug
dégg.
15-16 Mboolem lu bokkul ci nit ki, du lenn
lu ciy dugg ci moom, ba man koo sobeel.
Liy génne ci nit ki kay mooy sobeel nit ki.»
17 Ba ñu duggsee ca biir kër ga, ba sore
mbooloo ma, taalibe ya laaj Yeesu, ngir
leerlu léeb woowu.
18 Yeesu ne leen: «Ndeke yeen itam
amuleenug dégg? Xamuleen ne mboolem
lu bokkul ci nit, du lenn lu ciy dugg ci
moom, ba man koo sobeel,
19 ndax du ci xolam lay dugg, waaye ci
koll bi lay dugg, balaa jàll, génneji
gannaaw kër?» Googu kàddu di firndeel ne
ñam yépp a dagan.
20 Mu neeti leen: «Li génne ci nit, loolu
mooy sobeel nit ki.

* **7.7** Seetal ci *Esayi* 29.13. † **7.10** Seetal ci *Mucc ga* 20.12; 21.17.

21 Ndaxte ci biir nit ki, ci biir xolam la
mébét yu bon di jóge, ak séy yi yoon tere,
ak càcc, ak bóom,
22 ak njaaloo, ak bëgge, ak jëfi coxor, ak
njublaŋ, yàqute ak ñeetaane, ak saaga, ak
réylu, ak jëf ju xel nanguwul.
23 Mboolem yu bon yooyii ci biir nit ki
lay génne, sobeel ko.»

### *Yeesu baaxe na jàmbur bu dul yawut*

24 Yeesu jóge fa, dem ba ca diiwaan ba
ñuy wax Tir. Mu dugg fa ci genn kër, te
bëggul kenn xam ko, waaye manula fexe
ba nit ña umple ko.
25 Ndeke as ndaw su rab jàpp doomam
ju jigéen dégg na fa Yeesu. Mu daldi dikk,
ne gurub sukk cay tànkam.
26 Ndaw sa ab Gereg la woon, cosaanoo
Fenisi ga ca Siri.
Mu ñaan ko, mu dàqal ko rab wa jàpp
doomam.
27 Yeesu nag ne ko: «Na gone yi njëkka
lekk, ba regg; jël ñamu gone yi, sànni ko
kuti yi daal jaaduwul.»
28 Ndaw sa ne ko: «Sang bi, teewul kuti
yi, ca suufu ndab la lañuy fore ca ruusiti
gone yi.»
29 Yeesu nag ne ko: «Gannaaw kàddu
googu nga wax man ngaa dem, rab wa
génn na sa doom.»
30 Ndaw sa ñibbi këram, gis doom ja tëdd
ca lal ba, fekk rab wa dem na.

### *Yeesu faj na ab tëx-luu*

31 Yeesu jógeeti diiwaanu Tir, jaare dëkk
ba ñuy wax Sidon, jaare diiwaan ba ñuy
wax Fukki Dëkk yi, dem ba ca dexu Galile.
32 Ñu indil fa Yeesu ku tëx, te wax jafe ko.
Ñu ñaan Yeesu, ne ko mu teg ko loxoom.
33 Yeesu génne waa ja mbooloo ma,
ñaarook moom, daldi def ay baaraamam ci
noppi waa ja, ba noppi tifli, laalale loram
làmmiñu waa ja.
34 Ci kaw loolu mu xool kaw asamaan,
daldi binni, ne ko: «Efata», muy firi
«Tijjikul.»
35 Ca saa sa ay noppam tijjiku, làmmiñ
wa yiwiku, muy wax wax ju leer.
36 Ba mu ko defee Yeesu dénku leen, ne
leen buñu ko wax kenn, waaye lu mu leen
gëna dénku, ñu gën koo siiwal.
37 Dañoo waaru ba fa waaru yem, naan:
«Kii lépp lu mu def, jëf ju matale la, ba tëx
yi sax, mu déggloo leen, luu yi, mu waxloo
leen!»

## 8

### *Yeesu leelati na mbooloo*

1 Ca fan yooya mbooloo mu réy a
dajewaatoon te amuñu lu ñu lekk. Yeesu
woo taalibe ya, ne leen:
2 «Damaa yërëm mbooloo mi, ndax ñetti
fan a ngii yu ñu nekk ak man, te amuñu lu
ñu lekk.
3 Su ma leen yiwee, ñu ñibbaale xiif,
dinañu tële ci yoon wi, ndax am na ci ñu
jóge fu sore.»
4 Taalibeem ya ne ko: «Waaye fu nit di
jële mburu mu suur ñii ci àll bu wéet bii?»
5 Yeesu ne leen: «Ñaata mburu ngeen
am?» Ñu ne ko: «Juróom ñaar.»
6 Ba mu ko defee Yeesu sant mbooloo
ma ñu toog ci suuf. Mu jël juróom ñaari
mburu ya, daldi yékkati kàddug cant, dagg
ko, jox taalibe ya, ngir ñu taajal ko
mbooloo ma. Ñu taajal leen ko.
7 Dese woon nañu fa it tuuti jën yu ndaw.
Yeesu jël ko, daldi ñaan mu barkeel. Mu
sant nag taalibe ya ñu séddale loola itam.
8 Ñu daldi lekk ba regg, ba yóbbu desit
wa, yebe ci juróom ñaari dàmba,
9 te lu tollook ñeenti junniy (4 000) góor a
nga fa woon. Yeesu nag yiwi leen,
10 daldi dugg ak taalibe ya ca gaal ga, ñu
jàll ba diiwaanu Dalmanuta.

### *Diiŋatkat sàkku na firnde*

11 Farisen yaa dikkoon, di weranteek
Yeesu. Ñu di ko fiir, ba tax ñuy sàkku ci
moom firnde ju bawoo asamaan.
12 Yeesu nag binni binni gu réy, daldi ne:
«Ana lu waral maasug tey jii di wut firnde?
Maa leen ko wax dëy, du jenn firnde jees
di jox maasug tey jii.»
13 Ci kaw loolu Yeesu bàyyikoo ca ñoom,
duggaat, jëm wàllaa dex.

### *Farisen jikkoy lawiir la yor*

14 Fekk na taalibe ya fàttee yóbbaale
mburu, te amuñu woon lu dul menn
mburu ca gaal ga.

15 Yeesu nag jox leen ndigal lii, ne leen: «Wattuleen! Bàyyileen xel lawiiru Farisen ñi, ak lawiiru Buur Erodd.»
16 Taalibe ya nag di werante ci seen biir, naan: «Nun de amunu fi mburu.»
17 Yeesu xam la ñuy wax, ne leen: «Lu ngeen di werante, naan amuleen fi mburu? Kon xanaa daal xamaguleen ba tey, te rààññeewuleen? Am seenum xel a dërkiis?
18 Dangeena ami gët, te dungeen gis? Am dangeena ami nopp te dungeen dégg, dungeen fàttaliku?
19 Ba ma daggalee juróomi junniy (5 000) nit ña juróomi mburu ya, ba ngeen for desit ya, ñaata pañey dogi mburu la fees?» Ñu ne ko: «Fukk ak ñaar.»
20 Mu neeti leen: «Juróom ñaari mburu ya ca ñeenti junniy (4 000) nit ña nag, ba ngeen foree desit ya, ñaata dàmbay dogi mburu la fees?» Ñu ne ko: «Juróom ñaar.»
21 Yeesu nag ne leen: «Te xamaguleen ba tey?»

### *Yeesu wéral na silmaxa ca Betsayda*

22 Gannaaw loolu Yeesu aki taalibeem agsi dëkk ba ñuy wax Betsayda. Ñu indil fa Yeesu ku gumba, di ko ñaan, mu teg ko loxo.
23 Yeesu jàpp loxob silmaxa ba, yóbbu ko, ba génn dëkk ba. Mu tifli ci bët yi, teg ko loxo, ne ko: «Ndax yaa ngi gis dara?»
24 Waa ji xippi, ne ko: «Gis naa ay nit ñu mel ni ay garab, waaye ñu ngi dox.»
25 Yeesu dellu tegaat ay loxoom ci bët yi, silmaxa bi ne xiféet, daldi wér, di rààññee lépp bu baax.
26 Ci kaw loolu Yeesu sant ko mu ñibbi, ne ko: «Bul dellu ci biir dëkk bi.»

### *Piyeer rààññee na Almasi bi*

27 Ba loolu amee Yeesu ànd aki taalibeem, ñu jëm ca dëkk-dëkkaan, ya ca wetu Sesare gu Filib. Mu laaj taalibe ya ca yoon wa, ne leen: «Ana ku nit ñi wax ne moom laa?»
28 Ñu ne ko: «Ñii nee ñu yaa di Yaxya, ñee ne yaa di Ilyaas, ñale ne kenn ci yonent yi nga.»
29 Yeesu it ne leen: «Yeen nag, ngeen ne maay kan?» Piyeer ne ko: «Yaa di Almasi bi.»
30 Ci kaw loolu Yeesu femmu leen ngir ñu baña wax kenn dara ci mbiram.

### *Yeesu xamle na deewam ak ndekkiteem*

31 Yeesu nag tàmbali leena jàngal, ne leen fàww Doomu nit ki sonn lu bare, ba dajeek mbañeelu magi askan wi ak sarxalkat yu mag yi, ak firikati yoonu Musaa yi, te dees na ko rey, ba mu am ñetti fan, mu dekki.
32 Mu daldi leen xamal mbir mi, ba mu leer nàññ.
Piyeer nag ñaarook moom, tàmbali koo femmu.
33 Teewul Yeesu geestu, gis yeneen taalibe yi, daldi gëdd Piyeer, ne ko: «Seytaane, xiddi ma te dellu gannaaw, yaw xalaatoo yëfi Yàlla, waaye yëfi nit ngay xalaat.»
34 Ba loolu amee Yeesu woo mbooloo maak taalibe ya, ne leen: «Ku ma bëgga topp, fàtteel sa bopp te gàddu sa bant bi ñu lay daaj, door maa topp.
35 Ndaxte képp ku bëgga rawale sa bakkan, dinga ko ñàkk, te ku ñàkk sa bakkan ndax man ak xibaaru jàmm bi, dinga ko jotaat.
36 Ana luy njariñal nit ku jagoo àddina sépp, te ñàkk bakkanam?
37 Ana lu nit wara mana weccee bakkanam?
38 Képp ku kersawoo sama jëmm, kersawoo topp samay wax, ci biir niti jamono jii, di jamonoy bokkaaleek bàkkaar, bés bu Doomu nit ki dikkee ci biir darajay Baayam, ànd ak malaaka yu sell yi, su keroogee moom it dina la kersawoo.»

## 9

1 Mu neeti leen: «Maa leen ko wax, dëy, ñenn a ngi taxaw fii, duñu dee te gisuñu nguurug Yàlla dikk ak doole.»

### *Darajay Yeesu feeñ na*

2 Ba ñu ca tegee juróom benni fan, Yeesu ànd na ak Piyeer ak Yanqóoba ak Yowaan, yóbbu leen kaw tund wu kawe, ngir wéetook ñoomu neen. Mu soppiku fa seen kanam:
3 ay yéreem ne rààññ, weex tàll weexaay bu raw lu fóotkatub àddina mana fóot.
4 Ci kaw loolu Yonent Yàlla Ilyaas feeñu leen, mook Yonent Yàlla Musaa, ñuy waxtaan ak Yeesu.

5 Piyeer daldi ne Yeesu: «Kilifa gi, su nu
toogoon fii de, mu baax ci nun. Nan
yékkati ñetti mbaar, benn yaw, benn
Musaa, benn Ilyaas.»
6 Booba Piyeer xamul sax lu muy wax,
ndax tiitaange ju leen jàpp.
7 Ci kaw loolu aw niir dikk, yiir leen,
baat jibe ca niir wa, ne: «Kii mooy sama
Doom, sama soppe, dégluleen ko.»
8 Taalibe yi jekki xool wet gu nekk,
waaye gisatuñu kenn ku dul mennum
Yeesu doŋŋ, mook ñoom.
9 Naka lañuy wàcce ca tund wa Yeesu
sant leen, ne leen ñu baña nettali kenn la
ñu gis, ba kera Doomu nit ki dekki.
10 Ñu jàpp wax jooju nag ci seen biir tey
sottante xel, ngir xam lu «dee-dekki» di
tekki.
11 Ci kaw loolu taalibe ya laaj ko, ne ko:
«Lu tax firikati yoonu Musaa yi ne fàww
Ilyaas njëkka ñëw?»
12 Yeesu ne leen: «Waaw, Ilyaas kay mooy
njëkka ñëw, ba jubbanti lépp. Waaye lu tax
ñu bind ci Doomu nit ki, ne fàww mu sonn
coono bu bare, te dees na ko xeeb?
13 Waaye maa leen wax ne Ilyaas ñëw
na, lu leen neex lañu def ak moom, te
noonu lañu ko binde woon ci moom.»

### *Yeesu dàq na rab wa*

14 Ba ñu waññikoo ba jub yeneen taalibe
ya, dañoo gis mbooloo mu bare yéew leen,
ay firikati yoon di weranteek ñoom.
15 Mbooloo ma mépp daldi gis Yeesu,
teewaayam bett leen. Ñu dawsi, nuyu ko.
16 Ba loolu amee Yeesu laajte, ne: «Ana lu
ngeen di weranteek ñii?»
17 Kenn ca mbooloo ma ne ko: «Kilifa gi,
sama doom ju góor laa la indil. Aw rab
wuy luuloo ko jàpp.
18 Saa su ko dikkalee, da koy daaneel ci
suuf, gémmiñ gi di fuur, muy yéyu, ne jàdd.
Say taalibe laa ñaan ñu dàq rab wi, waaye
manuñu ko.»
19 Yeesu ne leen: «Céy niti tey, yeena
gëmadi! Maak yeen ba kañ? Dama leen di
muñal ba kañ? Indilleen ma xale bi.»
20 Ñu indil ko ko. Rab wa gis Yeesu rekk
daldi sayloo xale ba, mu daanu fa suuf, di
xalangu, gémmiñ gay fuur.
21 Yeesu ne baay ba: «Lii kañ la ko dal?»
Mu ne ko: «Ba muy gone ba tey.
22 Bare na lu mu koy xabtal ci sawara
mbaa cim ndox, ngir sànk ko. Waaye soo
ci manee lenn, yërëm nu, xettalee nu ko.»
23 Yeesu ne ko: «Nga ne: “Soo manee”?
Ku ànd ak gëm kay, dara tëwu la.»
24 Baayu xale bi daldi àddu ca kaw, ne:
«Kon gëm naa, ngalla wallu maak sama
ngëmadi.»
25 Ci biir loolu Yeesu gis mbooloo mu
dawandoo di dikk, mu daldi gëdd rab wa,
ne ko: «Yaw rab wiy luulooka tëxloo, maa
la ne génnal ci kii te bul duggati ci moom.»
26 Ba mu ko defee rab wa yuuxu, daldi
sayloo xale ba bu metti, doora génn. Xale
bi ne nemm, ni ku dee, ba ñu bare ne dee
na.
27 Teewul Yeesu jàpp ca loxo ba, yékkati
ko, mu taxaw.
28 Ba Yeesu duggee ca kër ga, taalibe ya
laaj ko ci sutura, ne ko: «Lu tax manunu
woona dàqal sunu bopp, rab wi?»
29 Yeesu ne leen: «Xeetu rab wii,
maneesu koo dàqe lenn lu moy ñaan.»

### *Yeesu xamlewaat na deewam ak ndekkiteem*

30 Foofa lañu bàyyikoo, jaare diiwaanu
Galile, waaye Yeesu bëggul kenn yég ko.
31 Ndaxte booba ma ngay jàngal taalibe
ya, naan leen: «Doomu nit ki lees di wor,
ngir teg ko ci loxoy nit, ñu rey ko, te
gannaaw bu ñu ko reyee dina dekki ci
ñetti fan.»
32 Taalibe ya nag xamuñu woon lu kàddu
googuy tekki, waaye ñemewuñu ko koo
laaj.

### *Kan moo gëna màgg?*

33 Ba ñu àggee dëkk ba ñuy wax
Kapernawum, ba dugg ca kër ga, Yeesu
laaj leen, ne leen: «Lu ngeen doon
waxtaane ci yoon wi?»
34 Ñu ne cell, ndax la ñu doon werante
ca yoon wa moo di kan moo gëna kawe ci
ñoom.
35 Ba mu ko defee Yeesu toog, woo fukki
taalibe yaak ñaar, ne leen: «Ku bëgga jiitu,
na mujj ñépp te di surgab ñépp.»
36 Yeesu daldi indi ab xale, taxawal ko ci
seen biir. Ci kaw loolu mu fab xale bi, ne
leen:

37 «Képp ku dalal xale bu mel nii ndax
man, man mii nga dalal, te képp ku ma
dalal, du man nga dalal, waaye ki ma
yebal nga dalal.»

### *Ku sotul nit, yaa far ak moom*

38 Yowaan ne ko: «Kilifa gi, danoo gis kuy
dàq ay rab ci sa tur, nu aaye ko, ndax
bokkul ci nun.»
39 Yeesu nag ne ko: «Buleen ko aaye,
ndaxte kenn manula def kéemaan ci sama
tur, daldi ci teg wax ju bon ci man.
40 Képp ku nu sotul, nun la faral.
41 Maa leen ko wax, déy, képp ku leen
may ab kaasu ndox, ngir li ngeen di niti
Almasi bi, doo ñàkk sag pey mukk.

### *Bàkkaarloo nit aay na*

42 «Waaye kenn sax ci xale yii ma gëm,
képp ku ko bàkkaarloo, li gën ci moom,
mooy ñu takk ci baatam doju wolukaay
wu réy wu mbaam di wëndeel, daldi koy
sànni biir géej.
43-44 Su la sab loxo bàkkaarloo, dog ko.
Tàbbiwaale ab kuuñ ca dund gu wóor ga
moo gën ci yaw, nga tàbbiwaale sa ñaari
loxo biir jànnama, sawara sa dul fey.
45-46 Su la sab tànk bàkkaarloo, dog ko.
Tàbbiwaale bennub tànk ca dund gu wóor
ga moo gën ci yaw, ñu boole laak sa ñaari
tànk, sànni la biir jànnama.
47 Su la sa bët bàkkaarloo, luqil.
Tàbbiwaale patt ci nguurug Yàlla, moo gën
ci yaw ñu boole laak sa ñaari bët, sànni biir
sawara,
48 “foofa sax ya dul deewe,
sawara sa du fa feye*.”
49 Ñépp nag sawara lañu leen di setale ni
xorom di setale†.
50 Xorom lu baax la, waaye bu raxee ba
sàlli, nees koy delloo cafkaam? Nangeen
jikkowoo xorom su raxul, daldi jàmmoo.»

# 10

### *Pase warul*

1 Yeesu jóge foofa, dem réewum Yude ak
ca wàllaa dexu Yurdan. Mbooloo yu bare
fekkseeti ko, mu di leen jàngalati, na mu ko
baaxoo woon.
2 Ci kaw loolu ay Farisen dikk, di ko fiir,
laaj ko, ne ko: «Ndax yoon maye na nit fase
jabaram?»
3 Yeesu ne leen: «Lu leen Musaa sant?»
4 Ñu ne ko: «Musaa maye na kayitu pase
gu nit kiy bind, ngir fase jabaram.»
5 Yeesu nag ne leen: «Seen dëgër xol a tax
Musaa bindal leen loolu ndigal.
6 Waaye ca njàlbéen ga Yàlla sàkke àddina,
ca la leen sàkk ñuy ku góor ak ku jigéen.
7 Looloo tax góor di teqalikook ndeyam
ak baayam, taqoo ak jabaram,
8 ba ñoom ñaar di wenn suux doŋŋ. Moo
tax dootuñu ñaar, waaye wenn suux doŋŋ
lañu.
9 Lu Yàlla takk nag, bu ko nit tas.»
10 Ba ñu delloo ca kër ga taalibe ya laaj
ko ca mooma mbir.
11 Yeesu ne leen: «Ku fase sa jabar, takk
keneen, njaaloo nga, ndax sa jabar ja nga
fase,
12 te ki tas ak jëkkëram, su séyaatee ak
keneen, njaaloo na.»

### *Xale am na cér*

13 Ay xale lañu indiloon Yeesu ngir mu
teg leen ay loxoom. Teewul taalibe ya
jànni leen.
14 Yeesu gis ko, daldi mer, ne leen:
«Bàyyileen xale yi, ñu ñëw fi man! Buleen
leen aaye, ndax ñu mel ni ñoom ñoo yelloo
nguurug Yàlla.
15 Maa leen ko wax déy, képp ku baña
nangul nguurug Yàlla ni ab xale, doo ca
tàbbi mukk.»
16 Yeesu nag fab leen, teg leen ay
loxoom, barkeel leen.

### *Texe jafe na boroom alal*

17 Yeesoo doon dox ciw yoon, jenn waay
dawsi ba ca moom, daldi sukk ca
kanamam, ne ko: «Kilifa gu baax bi, ana lu
may def, ngir texe ba fàww?»
18 Yeesu ne ko: «Lu tax nga naa ma ku
baax ki? Kenn baaxul ku moy Yàlla doŋŋ.
19 Xam nga ndigal yi: “Bul bóom, bul
njaaloo, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg, bul
xañ nit àqam, teralal sa ndey ak sa baay*.”»
20 Waa ja ne ko: «Kilifa gi, loolu lépp ba
may ndaw laa ko dale sàmm ba tey.»

* **9.48** Seetal ci *Esayi* 66.24. † **9.49** ***sawara siy setal*** man naa nekk mitit yeek coono yi aji gëm ji wara jànkoonteel ci àddina. Seetal ci *1.Piyeer* 1.7; 4.12-13. * **10.19** Seetal ci *Mucc ga* 20.12-16.

21 Yeesu nag xool ko bëti cofeel, daldi ne ko: «Lenn rekk moo la dese. Demal te lépp loo am, nga jaay ko, jox ko néew-doole yi. Su ko defee nga woomle fa asamaan. Boo noppee, ñëwal topp ci man.»

22 Waa ja am mbetteel ca kàddu ga, daldi fay jóge aku tiis ndax ku bare alal la woon.

23 Ba loolu amee Yeesu dawal bëtam fa ko wër, daldi ne taalibe ya: «Boroom alal tàbbi ci nguurug Yàlla, ndaw lu jafe!»

24 Wax jooju nag jaaxal taalibe ya. Yeesu neeti leen: «Gone yi, tàbbi ci nguurug Yàlla, ndaw lu jafe!

25 Boroom alal tàbbi ci nguurug Yàlla, giléem jaare bën-bënu puso moo ko gëna yomb.»

26 Wax jooju gënatee yéem taalibe ya, ñu naan ca seen biir: «Ku mana mucc nag?»

27 Yeesu ne leen jàkk, daldi ne: «Nit la të, waaye tëwul Yàlla. Yàlla man na lépp.»

28 Piyeer daldi ne ko: «Waaw, nun de lépp lanu dëddu, topp la!»

29 Yeesu ne ko: «Maa leen ko wax déy, amul kenn kuy dëddu kër, mbaa doomi ndey yu góor mbaa yu jigéen, mbaa ndey mbaa baay, mbaa doom, mbaa suuf, ngir maak xibaaru jàmm bi,

30 te jotuloo ci jamonoy tey jii téeméeri yoon, la nga amoon ciy kër, ak doomi ndey yu góor ak yu jigéen, ak ndey ak doom ak suuf, ba jotaale coonoy bunduxataal, ak texe ba fàww gooy jot ëllëg.

31 Waaye ñu baree ngi jiitu tey, ñooy mujji, te ñu baree ngi mujje tey, ñooy jiituji.»

## *Yeesu yégleeti na deewam*

32 Ñu ànd ca yoon wa, jëm Yerusalem, Yeesu jiitu leen, taalibe ya waaru, ña ca topp tiit. Yeesu nag wéetook Fukk ñaak ñaar, di leen xamal mbir ya ko nara dikkal.

33 Mu ne leen: «Noo ngii jëm Yerusalem, te dees na wor Doomu nit ki, jébbal ko sarxalkat yu mag yaak firikati yoonu Musaa ya, ñu teg ko àtteb dee, jébbal ko jàmbur ñi dul Yawut.

34 Ñu ñaawal ko, tifli ko, caw ko, ba noppi rey ko, ñetti fan tege ca, mu dekki.»

## *Njiit, surga la*

35 Ci kaw loolu Yanqóoba ak Yowaan, doomi Sebede dikk fa Yeesu. Ñu ne ko: «Kilifa gi, danoo bëggoon nga defal nu li nu lay ñaan.»

36 Yeesu ne leen: «Lu ngeen bëgg, ma defal leen ko?»

37 Ñu ne ko: «May nu nu toog, kii féete la ndijoor, kii féete la càmmoñ, keroog ca sa jataayu daraja ba.»

38 Yeesu ne leen: «Xamuleen li ngeen di ñaan. Mbaa kaasub naqar bi may naani, man ngeen koo naan? Am sóobu gu metti gi ma sóobu, man ngeen koo sóobu?»

39 Ñu ne ko: «Man nanu ko.» Yeesu ne leen: «Kaasub naqar bi may naani de, dingeen ko naan, sóobu gu metti gi ma sóobu it, dingeen ko sóobu,

40 tooge sama ndijoor mbaa sama càmmoñ nag, du maa koy maye, waaye ña ñu ko waajalal lay seen cér.»

41 Ba fukki taalibe ya ca des déggee mbir ma, seen xol tàmbali tàng ca Yanqóoba ak Yowaan.

42 Yeesu daldi leen woo, ne leen: «Xam ngeen ne ñi xeeti àddina yi def seeni njiit, dañu leen di def jaam, seeni kàngam di leen néewal doole.

43 Yeen nag, bumu deme noonu ci seen biir. Ku bëgga doon ku màgg ci yeen, na nekk seen surga,

44 te ku bëgga nekk seen njiit, na doon jaamub ñépp.

45 Ndax Doomu nit ki itam ñëwul ngir ñu di ko surgawu, xanaa ngir di nekk surga, ba far maye bakkanam, def ko njotug ñu bare.»

## *Yeesu faj na Bartime silmaxa ba*

46 Yeesu ak taalibeem ya nag agsi dëkk ba ñuy wax Yeriko. Naka lañuy génne Yeriko, mbooloo mu takku topp leen. Ci biir loolu ab silmaxa bu ñuy wax Bartime, tur wa di tekki doomu Time, ma nga tooge ca peggu yoon wa, di yalwaan.

47 Mu dégg ne Yeesum Nasaret mooy jubsi, ba tax muy xaacu, naan: «Yeesu Sëtub Daawuda, yërëm ma!»

48 Ba loolu amee ñu bare femmu ko, ngir mu noppi. Teewul mu gëna xaacooti, ne: «Sëtub Daawuda, yërëm ma!»

[49] Yeesu daldi taxaw, ne: «Wooleen ko!»
Ñu woo silmaxa ba, ne ko: «Dallul te jóg,
mu ngi lay woo.»
[50] Mu sànni malaanam, ne layy, dikk ba
ca Yeesu.
[51] Yeesu ne ko: «Ana loo bëgg, ma defal la
ko?» Silmaxa ba ne ko: «Xanaa ma dellu di
gis, sama kilifa.»
[52] Yeesu ne ko: «Demal. Sa ngëm musal
na la.» Ca saa sa muy gis, daldi topp Yeesu
ca yoon wa.

# 11

*Yeesu dugg na Yerusalem*

[1] Gannaaw loolu Yeesu ak taalibe ya
dikk ba jub Yerusalem, ba agsi dëkk ya ñuy
wax Betfase ak Betani ca wetu tundu Oliw
ya. Yeesu yebal ñaar ca taalibe ya,
[2] ne leen: «Demleen ci dëkk bi ci seen
kanam. Bu ngeen agsee rekk, dingeen fa
gis cumbur bu yeewe, bu kenn masula
war. Yiwileen ko, indi.
[3] Bu ñu leen nee: "Lu ngeen di def nii?",
ngeen ne: "Boroom bee ko soxla, dina ko
delloosi léegi."»
[4] Taalibe ya dem, daldi gis ab cumbur ci
mbedd mi, mu yeewe ci buntu kër. Ñu
yiwi ko.
[5] Ñenn ca ña fa taxaw ne leen: «Lu ngeen
di def nii, bay yiwi cumbur bi?»
[6] Ñu tontu leen la leen Yeesu waxoon,
nit ña bàyyi leen.
[7] Ñu indil Yeesu cumbur ba, daldi teg
seeni yére ca kawam, Yeesu war*.
[8] Ñu bare nag lal seeni yére ca yoon wa,
ñenn ña lal ay cari garab yu sëq yu ñu
dagge ca tool ya.
[9] Ci kaw loolu ña jiitu ak ña topp ca
Yeesu xaacoondoo, naan:
«Osaana!
Na barke wàcc ci ki dikk ci turu Boroom
bi!
[10] Na barke wàcc ci nguur giy ñëw, sunu
nguurug maam Daawuda!
Osaana, na cant jibe béreb ya gëna kawe!»
[11] Yeesu nag agsi Yerusalem, dugg ca kër
Yàlla ga. Ba mu xoolee lépp ca biir, ba
noppi, yemook mu guddi, mu ànd ak fukki
taalibe yaak ñaar, jubal dëkk ba ñuy wax
Betani.

*Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

[12] Ba bët setee ñu génne Betani. Ci biir
loolu Yeesu xiif.
[13] Mu séen fu sore garabu figg gu sëq.
Mu jàdd, di seeti, ndax dina ca fekk dara.
Mu dem ba ca figg ga, gisul lu dul ay xob,
ndax booba figg amagul.
[14] Ci kaw loolu mu ne figg ga: «Yàlla bu
kenn lekkati sab doom!» Taalibe ya di ca
dégg.
[15] Ñu délsi Yerusalem, Yeesu dugg ca kër
Yàlla ga, daldi dàq ñay jaay aka jënd ca kër
Yàlla ga. Mu dëpp taabali weccikati xaalis
ya, ak tooguy jaaykati pitax ya,
[16] ba noppi bàyyiwul kenn, mu dugal
lenn ca kër Yàlla ga.
[17] Mu di leen jàngal nag, wax leen, ne
leen: «Xanaa bindeesul ne:
"Sama kër gi, kërug ñaan lees ko tudde,
ñeel xeetoo xeet†."
Waaye yeen, moom ngeen def rawtub
sàcc.»
[18] Sarxalkat yu mag yaak firikati yoonu
Musaa ya dégg loolu, ragal ko, di ko fexee
rey, ndax mbooloo mépp a yéemu woon ca
njàngaleem.
[19] Timis jot, Yeesu ànd ak taalibe ya,
génn dëkk ba.
[20] Ba ñuy dem ca suba teel lañu gis
garabu figg ga wow koŋŋ, ba ca reen ya.
[21] Piyeer nag fàttaliku, ne Yeesu: «Kilifa gi,
xoolal, figg ga nga rëbboon wow na koŋŋ!»
[22] Yeesu ne leen: «Gëmleen Yàlla.
[23] Maa leen ko wax déy, képp ku ne tund
wale: "Jógal, tàbbiji géej," te bañ cee boole
xel ñaar, xanaa gëm ne li nga wax dina am,
noonu lees la koy nangule.
[24] Moo tax ma di leen wax lii: Lépp lu
ngeen di sàkku cig ñaan, gëmleen ne jot
ngeen ko ba noppi, dingeen ko am.
[25-26] Bu ngeen taxawee di ñaan it, te fekk
ngeen jàppal kenn dara, baalleen ko, ngir
seen Baay ba fa asamaan baal leen seeni
tooñ, yeen itam.»

*Yeesu mooy boroom sañ-sañ*

* **11.7** ***cumbur:*** ci jamonoy jàmm, jamono yu xeex amul woon, buur yi daan nañu war mbaam, te doonul lu ñu leen di tuutal. † **11.17** Seetal ci *Esayi* 56.7.

27 Ñu dellooti Yerusalem. Ci kaw loolu
Yeesu dugg kër Yàlla ga, di doxantu ca biir
ëtt ba. Sarxalkat yu mag yaak firikati
yoonu Musaa yaak magi askan wa dikk ba
ca moom,
28 ne ko: «Lii ngay def, ci ban sañ-sañ nga
koy defe? Ak ku la jox sañ-sañu def ko?»
29 Yeesu ne leen: «Ma laaj leen man itam
lenn; tontuleen ma ci, ma wax leen ci ban
sañ-sañ laay defe lii.
30 Sóobeb Yaxya ci ndox, ndax asamaan
la ndigal la bawoo, am ci nit ñi la bawoo?
Tontuleen ma ci loolu.»
31 Ñu diisoo, daldi ne: «Su nu nee:
“Asamaan la ndigal la bawoo,” da naan:
“Lu tax kon gëmuleen Yaxya?”
32 Ndax danuy wax ne ci nit ñi la
bawoo?» Booba mbooloo ma lañu ragal,
ndax ñépp a jàppoon ne Yaxya ab yonent
dëgg la woon.
33 Ñu daldi ne Yeesu: «Loolu xamunu
ko.» Yeesu ne leen: «Kon man itam duma
leen wax ci ban sañ-sañ laay defe lii.»

# 12

## *Léebu beykat ya tiiñal na njiit ya*

1 Yeesu nag teg ca di wax ak ñoom ci ay
léeb. Mu ne leen: «Ab tóokëru reseñ la nit
jëmbatoon. Mu ñag tóokër bi, gas ca paxum
nalukaayu reseñ, tabax ca taaxum
wattukaay, ba noppi batale tóokër ba ay
beykat, daldi tukki.
2 «Ba wittum reseñ jotee, mu yebal ab
surga ca beykat ya, ñu jëlsi wàllam ca
meññeef ma.
3 Beykat ya jàpp ko, dóor ko, dàq ko, mu
dellu loxoy neen.
4 Boroom tóokër ba yebalaat beneen
surga, ñu xaañ ko, toroxal ko.
5 Mu yebalati beneen surga, ñu rey ko.
Mu dellu yebal ñu bare, ñii ñu dóor leen,
ñii ñu rey.
6 «Boroom tóokër ba nag desewul kenn
ku dul doomam ji mu sopp. Mu mujj koo
yebal ca beykat ya te naan: “Sama doom,
dinañu ko rus.”
7 Teewul beykat ya ne ca seen biir: “Kii
mooy donn; nanleen ko daldi rey,
ndonoom di sunu moomeel.”
8 Ñu jàpp ko, rey, génne néew ba tóokër
ba, sànni ca biti.»
9 «Ana nu boroom tóokër biy def? Xanaa
dikk rekk, rey beykat yi, dénk tóokëru
reseñ ba ñeneen.
10 Xanaa jànguleen gii kàddu ci Mbind
mi?
“Doj wi tabaxkat yi beddi woon,
moo mujj di doju koñu tabax bi.
11 Lii de, fa Boroom bi la sottee,
nu gis ko, yéemu*.”»
12 Ba loolu amee njiit ya di ko wuta jàpp,
ndax xam nañu xéll ne ñoo moom léeb wa,
waaye dañoo ragal mbooloo ma, ba tax ñu
dem, bàyyi ko.

## *Ndax fey galag yoon la?*

13 Njiiti Yawut ya teg ca yebal ca Yeesu
ay Farisen ak ay farandooy Buur Erodd,
ngir ñu lalal ko fiir gu ñu ko jàppe ci kaw
kàddu.
14 Ñooñu dikk ne ko: «Kilifa gi, xam nanu
ne ku dëggu nga, te ragaloo kenn, ndax
seetuloo ci jëmmi nit, waaye ci kaw dëgg
ngay jàngalee yoonu Yàlla. Ndax yoon
maye na ku fey Buur Sesaar ab galag, am
déet? War nanu koo fey, am warunu koo
fey?»
15 Teewul Yeesu ràññee seen jinigal, ne
leen: «Ana lu ngeen may seetloo? Indilleen
ma posetub dinaar, ma xool.»
16 Ñu jox ko poset, mu ne leen: «Nataal
bii ak tur wii ci binde, kuy boroom?» Ñu
ne ko: «Buur Sesaar.»
17 Yeesu ne leen: «Yëfi Sesaar daal,
joxleen ko Sesaar, yëfi Yàlla, ngeen jox ko
Yàlla.» Ñu waaru nag ci moom.

## *Sadusen gëmul dee-dekki*

18 Sadusen yi ne dee-dekki amul, ñoo
ñëwoon ci Yeesu, di ko laaj, ne ko:
19 «Kilifa gi, Musaa da noo bindal ne, ku
góor, su ku mu bokkal waajur te amul
doom, faatoo, su bàyyee gannaaw jabar,
kooku na jël jabar ja, ngir amal mbokkam
ma dee, kuutaay.
20 «Léegi juróom ñaari góor ñu bokk ndey
ak baay la woon. Taaw ba am jabar, ba
faatu te bàyyiwul doom.

* **12.11** Seetal ci *Taalifi cant* 118.22-23.

21 Tofo ba jël ndaw sa, ba mujj dee te
bàyyiwul doom. Ñaareelu tofo ba it noonu.
22 Ñu topplantee ko noonu ba juróom
ñaar ñépp dee, te kenn bàyyiwul doom.
Gannaaw gi, ndaw sa it dee.
23 Keroog ndekkite la nag, bu ñu dekkee,
kan ci ñoom la ndaw say doon jabaram,
gannaaw juróom ñaar ñépp a ko jëloon
jabar?»
24 Yeesu ne leen: «Du lii mooy seen
njuumte: xamuleen Mbind mi, xamuleen
manoorey Yàlla!
25 Ndax ñi dee, bu ñu dekkee, kenn du ci
am jabar mbaa jëkkër, waaye dañuy mel ni
malaaka yi ci asamaan.
26 Te ci wàllu dee-dekki sax, xanaa
jànguleen na ko téereb Musaa indee ca
mbirum ngarab sa, mooy ba mu ne:
“Maay Yàllay Ibraayma, di Yàllay Isaaxa, di
Yàllay Yanqóoba†”?
27 Kon moom du ñi dee lay seen Yàlla,
xanaa ñiy dund. Njuumte lu réy ngeen
juum.»

## *Ndigal li gëna am solo ci yoonu Musaa*

28 Ci biir loolu ab firikatu yoonu Musaa
bu dégg seen wax ja, daldi gis ne Yeesu
tontu na leen bu baax. Mu dikk, laaj ko ne
ko: «Ana lan ndigal moo gëna am solo ci
ndigal yépp?»
29 Yeesu ne ko: «Ndigal li gëna am solo
mooy: “Dégluleen, yeen bànni Israayil,
Boroom bi sunu Yàlla, Boroom bi kenn la.
30 Kon seen Yàlla Boroom bi, nanga ko
soppe sa léppi xol, ak sa léppi jëmm, ak sa
léppi xel, ak sa léppi doole‡.”
31 Ñaareel bi mooy: “Ni nga soppe sa
bopp, nanga ko soppe sa moroom§.”
Ndigal gënula màgg yii.»
32 Firikatu yoon bi ne ko: «Waawaaw,
Kilifa gi, yaa wax dëgg; Yàlla kenn la, te
amul jeneen Yàlla ju dul moom.
33 Te it nga soppe ko sa léppi xol, ak sa
léppi xel, ak sa léppi doole, te ni nga soppe
sa bopp, nanga ko soppe sa moroom; loolu
moo gën mboolem saraxi dóomal, ak
yeneen sarax yu mu mana doon.»
34 Yeesu nag gis ne waa ja waxe xel, mu
ne ko: «Sorewuloo nguurug Yàlla de.» Ba
loolu amee kenn ñemeetu koo laaj dara.

## *Almasi bi sut na maamam*

35 Yeesu nag di jàngale ca kër Yàlla ga,
daldi laajte, ne: «Lu tax firikati yoon yi ne,
Almasi bi, sëtub Daawuda la?
36 Daawuda ci boppam moo waxe ci ni
ko leeru Noo gu Sell gi dikkale, ne:
“Boroom bi daa wax sama Sang, ne ko:
‘Toogeel sama ndijoor,
ba ma teg say noon fi sa suufu tànk*.’ ”»
37 Yeesu neeti: «Gannaaw Daawuda ci
boppam moo woowe Almasi bi “Sang bi,”
ana kon nu mu nekke ab sëtam?» Mbooloo
mu baree nga fa woon, di ko déglo mbég.
38 Yeesu teg ca xamal leen ne leen:
«Moytuleen firikati yoonu Musaa yi taamoo
jaagar-jaagareek seen mbubb yu réy, di
sàkku nuyoob wegeel ca pénc ma,
39 ak toogu yu kaname ca jàngu ya, ak
péetey teraanga ca bernde ya.
40 Ñooy saax-saaxee alalu jëtun ñi tey
ñaan ñaani ngistal yu dul jeex. Ñooñu la
seen mbugal di gëna tar.»

## *Yoolu sarax ca am-amu boroom*

41 Ci kaw loolu Yeesu toog ca kër Yàlla ga,
janook ndaa la ñuy dugal seen xaalis bu
ñuy joxe ngir Yàlla. Muy seetlu na nit ñay
dugalee xaalis ca ndaa la. Ay boroom alal
yu bare dugal ca dayo yu takku.
42 Ci biir loolu ab jëtun dikk, sànni ca
ñaari poseti xànjar† yu matul sax ab dërëm.
43 Yeesu nag woo taalibe ya, ne leen:
«Maa leen ko wax déy, mboolem ñi sànni
xaalis ci ndab li, jëtun bu néew doole bii
moo leen ëpple lu mu ci sànni.
44 Ndax ñoom ñépp ci seen koom lañu
sàkke as lëf, sànni ci ndab li, waaye moom
de, ci biirug ndóolam la jële la mu amoon
lépp, dundam bépp, sànni ci.»

# 13

## *Jéllub Yerusalem ak dellusig Almasi bi am nay takk*

† **12.26** Seetal ci *Mucc ga* 3.6. ‡ **12.30** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.4-5. § **12.31** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18.
* **12.36** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1. † **12.42** ***poseti xànjar:*** yooyu poset lepton lañu leen di woowe, te moo gënoona néew njarte ca yooya jamono. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

1 Naka la Yeesuy génne ca kër Yàlla ga,
kenn ca taalibe ya ne ko: «Kilifa gi, xoolal
rekk kër Yàlla gi! Céy yii doj ak yii taax!»
2 Yeesu ne leen: «Gis ngeen yii taax yu
réy yépp? Doj wu tege ciw doj du dese fii te
tasul.»
3 Gannaaw gi, ba Yeesu toogee ca kaw
tundu Oliw ya, jàkkaarlook kër Yàlla ga,
Piyeer ak Yanqóoba ak Yowaan ak Àndre
ñoo dikk di ko laaj, ñook moom doŋŋ, ne
ko:
4 «Wax nu kañ la loolu di am? Ak luy
doonub takk buy xamle ne xew-xew
yooyu yépp ay waaja sotti?»
5 Yeesu ne leen: «Moytuleen, ba kenn du
leen nax.
6 Ñu bareey dikk, tuddoo sama tur,
naan: “Man a,” te ñu bare lañuy nax.
7 Bu ngeen déggee ay xare ak coowi
xare, buleen tiit, fàww loolu am, waaye du
doonagum muj ga.
8 Aw xeet dina jógal aw xeet, am réew
jógal am réew, ay yëngu-yënguy suuf dina
dikke fu bare, te ay xiif dina am, waaye
ndoortel mititu mat la looluy doon.
9 «Yeen nag moytuleen. Dees na leen
jàpp, jébbal leen pénci layoo ya, dees na
leen dóor ca biir jànguy Yawut ya, te fa
kanam boroomi dëkk aki buur ngeen di
taxawi ndax man, ngir ngeen man leena
yékkatil kàdduy seede.
10 Balaa daraa xew, fàww xibaaru jàmm
bi siiw ci xeet yépp.
11 Bu ñu leen tegee loxo nag, ba jébbal
leen kilifa ya, la ngeen wara waxi bumu
leen jaaxal, waaye kàddu gu ñu leen may
keroog ca waxtu wa rekk, waxleen ko,
ndax su keroogee du yeenay wax, waaye
Noo gu Sell geey wax ci yeen.
12 «Doomu ndey dina wor doomu ndey,
ngir ñu rey ko, baay it wore noonu
doomam, te doom dina jógal waajuram, ba
reylu ko.
13 Te it ñépp a leen di bañ ndax sama tur.
Waaye ku muñ ba muj ga, kooku dina
mucc.»
14 «Bés bu ngeen gisee nag “lu siblu luy
jur yàqute”, mu taxawe fu mu yelloowul,
yaw miy jàng, teewlul, su boobaa ña mu
fekk ca diiwaanu Yude, nañu daw jëm kaw
tund ya.
15 Ku mu fekk ci kaw am taax, bul wàcc,
bay dugg jëli lenn ca biir.
16 Ku mu fekk tool ba, bul dellu ca kër
ga, di jëli sa mbubb.
17 Wóoy ngalla jigéeni wérul ña, ak ñay
nàmpal ca bés yooyu!
18 Ñaanleen nag mu baña yemook
jamonoy seddaayu lolli,
19 ndax janti keroog coono lay doon bu
masula am, ba Yàllay doora sos àddina ba
tey, te dootul am mukk.
20 Te bu Boroom bi wàññiwul woon àppu
jant yooyu, kenn du mucc, waaye
tànnéefam ñi mu tànn, ñoo tax mu wàññi
janti coono ya.
21 «Su booba nag, ku leen ne: “Xoolal,
Almasi baa ngi nii,” mbaa: “Xoolal, ma
nga nee,” buleen ko gëm,
22 ndax ay almasiy caaxaan ak yonenti
caaxaan ñooy feeñ, di jëfe ay firnde aki
kéemaan, di wuta nax ñi ñu tànn, ndegam
man naa nekk.
23 Yeen nag, moytuleen, wax naa leen
lépp, ba noppi.»
24 Yeesu neeti: «Te fan yooya, gannaaw
coono ba,
“jant bi day lëndëm,
weer wi fey ag leeram,
25 biddiiw yi xàwweekoo asamaan,
doole ya fa asamaan sàqi*.”
26 «Su boobaa dees na gis Doomu nit kiy
ñëw ci ay niir, ànd ak manoore ju réy ak
daraja.
27 Su ko defee mu yebal malaaka yi, ñu
dajalee ay tànnéefam fa ñeenti jëmuy
ngelaw li, dale ko ca catu kaw suuf, ba ca
catu asamaan.»
28 Yeesu teg ca ne: «Jàngatleen misaalu
garabu figg. Ag figg, bu bànqaas ya duyee,
xob ya di sëq, ngeen xam ne nawet jubsi
na.
29 Bu ngeen gisee xew-xew yooyu sotti,
noonu itam ngeen di xame ne bés bi jubsi
na, ba agsi ci bunt bi sax.
30 Maa leen ko wax déy, niti tey jii† duñu
wéy mukk, te loolu lépp sottiwul.

* **13.25** Seetal ci *Esayi* 3.10; 34.4; *Yowel* 2.10. † **13.30** ***niti tey jii:*** seetal ci *Màrk* 8.38.

31 Asamaan ak suuf dina wees, waaye
samay wax du wees mukk.

### *Yàlla rekk a xam bés ba*

32 «Waaye bés boobu mbaa waxtu wa
nag, kenn xamu ko; du malaaka ya fa
asamaan, du Doom ji, xanaa Baay bi doŋŋ.
33 Moytuleen te teewlu, ndax xamuleen
kañ la.
34 Daa mel ni nit ku tukki, bàyyi këram
gannaaw. Fekk na mu batale ay surgaam,
ku nekk ak saw sas. Bëkk-néeg bi nag, mu
sant ko ne ko mu teewlu.
35 Kon teewluleen, ndax xamuleen kañ
la boroom kër giy dikk. Jombul muy
ngoonug suuf, mbaa xaaju guddi, mbaa
bu ganaar sabee, mbaa bu bët setee.
36 Bumu ne jalañ, fekk leen ciy nelaw.
37 Lii ma leen wax nag, ñépp laa ko wax:
"Teewluleen!"»

# 14

### *Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Màggalu bésub Mucc ba ak màggalug
ayu bésu Mburu mu amul lawiir a jubsi
woon, ba des ñaari fan. Ci kaw loolu
sarxalkat yu mag ya ak firikati yoonu
Musaa ya di wut nu ñu sàcce ba jàpp Yeesu,
reylu ko.
2 Ndax booba dañu ne: «Bumu doon ci
bésu màggal bi, lu ko moy askan wi yëngu.»

### *As ndaw sotti na lajkoloñ ci kaw Yeesu*

3 Ci biir loolu Yeesu demoon na dëkk ba
ñuy wax Betani. Mu dale kër ku ñuy wax
Simoŋ gaana ga. As ndaw dikk, fekk ko
muy lekk. Ndaw saa nga yor njaqal doju
albatar lu def diwu nàrd gu xeeñ lu neex
te raxul, tey jar lu baree bare. Mu toj njaq
li, daldi sotti diw gi ci boppu Yeesu.
4 Ñenn ca ña mu fa fekk nag ñaawlu loolu.
Ñuy xultu ci seen biir naan: «Ana lu waral
yàq gii lajkoloñ?
5 Gii diw maneesoon na koo jaaye lu
tollook ñetti téeméeri poseti xaalis*, jox ko
néew-doole yi.» Ñu sikk ca ndaw sa lool.
6 Yeesu nag ne leen: «Bàyyileen ndaw si,
ana lu ngeen koy sonale? Jëf ju rafet la ma
defal.
7 Néew-doole yi de, dingeen ci am ñu
nekk ak yeen ba fàww, te saa yu leen
neexee, man ngeen leena defal lu baax.
Waaye man de, amuleen ma ba fàww.
8 Ndaw si, li mu man, def na ko. Laata
ñu may rob, diw na ma lu xeeñ.
9 Te maa leen ko wax dëy, li ndaw sii def,
fépp fu ñuy yéeneji ëllëg xibaaru jàmm bi ci
àddina sépp, dees na ko fa nettalee, di ko
fàttalikoo jëmmu ndaw si.»

### *Yuda wor na Yeesu*

10 Ci biir loolu kenn ca Fukk ñaak ñaar,
ñu di ko wax Yuda Iskaryo, daldi dem ca
sarxalkat yu mag ya, ngir teg Yeesu ci
seeni loxo.
11 Ba sarxalkat yu mag ya déggee lu
doon tànki Yuda Iskaryo, dañu caa bég, ba
dig ko xaalis. Muy seet nag yoon wu mu
jekkoo Yeesu, ba wor ko.

### *Yeesu bokk na reeram bu mujj aki taalibeem*

12 Ca bés ba njëkk ca màggalug ayu bésu
Mburu mu amul lawiir, ñu war caa rendi
gàttub bésub Mucc, ca la taalibe ya laaj
Yeesu, ne ko: «Foo bëgg, nu dem, waajalal
la fa reeru bésub Mucc bi?»
13 Yeesu nag yebal ñaar ca taalibe ya, ne
leen: «Demleen ca dëkk ba, dina am waa ju
dajeek yeen. Ma nga yenu njaqas ndox,
toppleen ko.
14 Kër gu mu mana dugg, neleen boroom
kër ga: "Kilifa gi nee: Ana néegu gan, fi
may reere reeru bésub Mucc, maak samay
taalibe?"
15 Kooku moo leen di won néegub kaw
bu yaa, bu ñu defar ba mu jekk. Foofa
ngeen nuy waajale.»
16 Ba taalibe ya demee ba àgg ca biir
dëkk ba it, noonu lañu gise la mu leen
waxoon. Ñu daldi waajal reeru bésub
Mucc ba.
17 Ba jant sowee, Yeesu dikk, ànd ak
Fukk ñaak ñaar.
18 Gannaaw ba ñu toogee bay reer,
Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax dëy, kenn
ci yeen ñiy lekkandoo ak man, moo may
wor.»
19 Aw tiis nag jàpp taalibe ya, ñu
kenn-kennoo di laaj, naan: «Mbaa du
man?»

* **14.5** ***poseti xaalis*** mooy peyooru benn bésub liggéey ca jamono yooya.

20 Mu ne leen: «Yeen Fukk ak ñaar ñii
daal, kenn la ci, te mu ngi yebandoo ak
man loxoom ci ndab li.
21 Doomu nit kaa ngi dem moos, noonee
ñu ko binde woon, waaye wóoy ngalla ki
pexe mi ñu wore Doomu nit ki di jaare!
Kooka de, bañoona juddu sax moo doon
gën ci moom.»
22 Naka ñuy lekk, Yeesu jël mburu,
yékkati kàddug cant, dagg, jox leen, daldi
ne: «Jëlleen, lii sama yaram la.»
23 Mu teg ca jël ab kaas, yékkati kàddug
cant, jox leen, ñépp naan ca.
24 Mu ne leen: «Lii mooy sama deret, ji
fas kóllëre gi, te nara tuurul ñépp†.
25 Maa leen ko wax déy, dootuma naan
mukk ndoxum reseñ, ba kera ma naan ko
bees ca nguurug Yàlla.»
26 Ba loolu amee ñu yékkati galanu cant,
daldi génn jëm tundu Oliw ya.

## *Yeesu nee Piyeer dina jàmbu*

27 Yeesu nag ne leen: «Yeen ñépp ay dellu
gannaaw, ndax bindees na ne:
“Maay dóor sàmm bi,
xar yi tasaaroo‡.”
28 Waaye bu ma dekkee, dinaa leen jiituji
fa Galile.»
29 Piyeer nag ne ko: «Bu ñépp dellu woon
gannaaw it, man duma dellu gannaaw
mukk.»
30 Yeesu ne ko: «Maa la ko wax déy, yaw,
guddig tey jii, bala ganaar a sab ñaari
yoon, dinga ma jàmbu ñetti yoon.»
31 Piyeer nag gënatee biral, ne: «Su ma
naree ànd ak yaw dee sax déy, duma la
jàmbu mukk.» Taalibe ya ca des yépp nag
waxe noonu, ñoom itam.

## *Yeesu tiislu na ca toolu Setsemane*

32 Ñu dem ba tollook tool ba ñu dippee
Setsemane. Yeesu ne taalibe ya: «Toogleen
fii, xaar ma, ma ñaani.»
33 Ci kaw loolu mu ànd ak Piyeer ak
Yanqóoba ak Yowaan. Tiitaange ak njàqare
daldi koy jàpp.
34 Mu ne leen: «Tiis wuy rey la sama xol
fees, ba may bëgga dee! Toogleen fii te
ngeen teewlu.»
35 Ba loolu amee Yeesu dox ba sore leen
tuuti, ne gurub sukk, dëpp jëëm fa suuf, di
ñaan ngir, ndegam man naa am, coonob
waxtu wa mu dëgmal teggi ko.
36 Mu ne: «Abba§, Baay, yaw mi dara
tëwul, bii kaas bu fees ak wextanu coono,
ngalla teggil ma ko. Waaye bumuy sama
coobare, nay doon ci sa coobare.»
37 Gannaaw loolu mu délsi, fekk taalibe
ya di nelaw. Mu ne Piyeer: «Simoŋ, dangay
nelaw? Wenn waxtu doŋŋ, amuloo dooley
teewlu ko?
38 Teewluleen te ñaan, ngir baña tàbbi cig
fiir. Xolub nit kat yebu na, yaram see néew
doole.»
39 Yeesu demaat ba nee, daldi baamtu
kàddug ñaanam ga.
40 Mu délsiwaat, fekk leen ñuy nelaw,
manatuñoo xippi ndax ngëmment lu réy.
Xamuñu nag lu ñuy wax.
41 Gannaaw loolu mu délsiwaat ñetteel bi
yoon, daldi ne leen: «Yeena ngi nelaw, di
noppalu ba tey? Jeex na nag. Waxtu wi
dikk na. Ñu ngi nii di teg Doomu nit ki ci
loxoy bàkkaarkat yi.
42 Jógleen, nu dem. Ki may wor a ngi nii.»

## *Jàpp nañu Yeesu*

43 Naka la Yeesu di wax, daaneelagul,
Yuda, kenn ca Fukk ñaak ñaar dikk, ànd ak
gàngoor gu bawoo ca sarxalkat yu mag
yaak firikati yoonu Musaa yaak magi
askan wa. Ña nga gànnaayoo ay saamar aki
njur.
44 Fekk na workat ba tegtal leen, ne
leen: «Ki may fóon, kooku la; jàppleen ko,
yóbbu te wattu ko bu baax.»
45 Mu daldi agsi, dikk ba ci Yeesu, ne ko:
«Kilifa gi!», daldi ko fóon.
46 Ba mu ko defee nit ña ne ko taral, jàpp
ko.
47 Ba loolu amee kenn ca ña fa taxaw
bocci ab saamar, caw ko surgab sarxalkat
bu mag ba, njoof nopp ba.
48 Yeesu ne leen: «Jàppsi ma doŋŋ a leen
taxa dikkey saamar aki njur, mel ni ñuy
topp ab fippukat?
49 Moona bés bu nekk maa nga woon ak
yeen ca kër Yàlla ga, di jàngale, te jàppuleen
ma. Waaye lii daa am ngir sottal Mbind
mi.»
50 Ci kaw loolu, ñépp daw, wacc ko.

† **14.24** Seetal ci *Esayi 53.12* ak ci *1.Timote* 2.6. ‡ **14.27** Seetal ci *Sàkkaryaa* 13.7. § **14.36** ***Abba*** mu ngi tekki baay.

51 Ab xale bu góor a nga ko toppoon,
lëkkaayoo ab malaan kese. Ñu daldi ko jàpp.
52 Xale bu góor ba nag, ne wëqét, daw,
wacc fa malaan ma, def yaramu neen.

### *Yeesu taxaw na ca kuréelu àttekat ya*

53 Ba loolu amee ñu yóbbu Yeesu ca
sarxalkat bu mag ba, yeneen sarxalkat yu
mag yaak magi askan waak firikati yoonu
Musaa ya, ñépp daje fa.
54 Ci biir loolu Piyeer yoxal Yeesu lu
sore, topp ca gannaawam, ba ca biir ëttu
sarxalkat bu mag ba. Mu toog faak
wattukat ya, di jaaru ca taal ba.
55 Ci kaw loolu sarxalkat yu mag yaak
mboolem kuréelu àttekati Yawut ya di wut
kàddug seede gu ñu tuumaale Yeesu, ba ñu
man koo reylu, te amuñu ko.
56 Teewul ñu baree dikk, seedeel Yeesu
ay fen, waaye seen kàddu yaa woroo.
57 Ci biir loolu ñenn ña jóg, seedeel ko ay
fen, daldi ne:
58 «Nun de dégg nanu, mu ne: “Kër Yàlla
gii loxol nit liggéey, maa koy toj, tabaxaat
ci ñetti fan geneen kër Yàlla gu loxol nit
liggéeyul*.”»
59 Kàdduy ñooña nag woroo ba tey.
60 Ba mu ko defee sarxalkat bu mag ba
jóg taxaw ca digg mbooloo ma. Mu ne
Yeesu: «Doo tontu dara ci li la ñii
tuumaal?»
61 Yeesu ne cell, waxul dara. Sarxalkat
bu mag ba dellu ne ko: «Ndax yaa di
Almasi bi, Doomu Ki yelloo màggal?»
62 Yeesu ne ko: «Man mii la, te dingeen
gis Doomu nit ki toog ci ndijooru Boroom
Kàttan gi, dingeen ko gis itam ci biir niir yi,
muy ñëw†.»
63 Sarxalkat bu mag nag ne tareet yérey
boppam‡, daldi ne: «Ana lu nuy doyeeti ay
seede?
64 Yeena dégg ni mu diire Yàlla mbagg!
Lu ngeen ci xam nag?» Ñépp ne dee mooy
àtteem.
65 Ci kaw loolu ñenn ña tàmbali koo tifli,
muur kanam gi, dóor ko ay këmëx, naan
ko: «Yaw waxal nu kàdduy waxyu boog!»
Wattukat yi daldi ko jàpp, dóor ko ay mbej.

### *Piyeer jàmbu na*

66 Ci biir loolu Piyeer a nga woon ca
suuf, ca ëtt ba. Benn surga bu jigéen bu
sarxalkat bu mag ba romb fa.
67 Naka la gis Piyeer muy jaaru, mu xool
ko jàkk, ne ko: «Yaw itam yaak Yeesum
Nasaret a àndoon.»
68 Piyeer nag miim ko, ne ko: «Man de,
yéguma, xawma dara ci li ngay wax.»
Piyeer daldi génn, ba ca mbaaru bunt ba
ca biti.
69 Surga bu jigéen ba gisati ko dellu ne
ña fa taxaw: «Kii ci ñoom la bokk!»
70 Mu dellu miim ko.
Nes tuut ña fa taxaw ñoom it, ne Piyeer:
«Yaw itam kay ci ñoom nga bokk, nde yaw
itam waa Galile nga.»
71 Piyeer di tàmbalee waat aka giñ ne: «Ki
ngeen di wax, man xawma ko!»
72 Ca saa sa ganaar sab ñaareel bi yoon.
Piyeer nag fàttaliku la ko Yeesu waxoon, ne
ko: «Bala ganaar a sab ñaari yoon, dinga
ma jàmbu ñetti yoon.» Mu ne yikkét, jooy.

## 15

### *Yeesu taxaw na ca kanam Pilaat, boroom réew ma*

1 Ca ëllëg sa, suba teel sarxalkat yu mag
ya féncoo, ñoom ak magi askan wa ak
firikati yoonu Musaa ya, ak mboolem
kuréelu àttekatu Yawut ya. Ñu yeew Yeesu,
yóbbu ko, jébbal ko Pilaat.
2 Pilaat nag laaj ko, ne ko: «Yaw yaa di
buurub Yawut yi?» Yeesu ne ko: «Yaa ko
wax.»
3 Sarxalkat yu mag yi nag tuumaal ko lu
bare.
4 Pilaat dellu ko laaj, ne ko: «Doo tontu
dara? Déggal li ñu lay jiiñ lépp.»
5 Yeesu nag tontuwul dara, ba tax Pilaat
jaaxle.
6 Fekk na màggal gu nekkaan, Pilaat
daan na maye ca ña ñu tëj kaso, kenn nit
ku ñu sàkku, mu bàyyil leen kooka.
7 Fekk na ñu tëj ca kaso ba, ku ñuy wax
Barabas, mook ay fippukat yu bóomoon nit
ci ab yëngu-yëngal.
8 Ci kaw loolu mbooloo ma dikk, di sàkku
Pilaat defal leen la mu leen daan defal.

---

* **14.58** Seetal ci *Yowaan* 2.19-22. † **14.62** Seetal ci *Dañeel* 7.13. ‡ **14.63** ***tareet yére:*** màndargaam ténj la, ma ñu tere sarxalkat yu mag ya. Fii, jëf jooja day màndargaal ci seen cosaan ne Yeesu dañu ko wara teg daan.

9 Pilaat ne leen: «Lu ngeen bëgg? Ma bàyyi buurub Yawut yi?»

10 Booba xam na xéll ne kiñaan a tax sarxalkat yu mag ya jàpplu Yeesu.

11 Waaye sarxalkat yu mag ya ñaax mbooloo ma ba ñu ne Pilaat: «Yiwil nu Barabas.»

12 Pilaat dellu ne leen: «Lu ngeen bëgg nag, ma def ko kii ngeen di wax buurub Yawut yi?»

13 Ñu dellu xaacoondoo ca kaw, ne: «Daaj ko ci bant!»

14 Pilaat ne leen: «Lu tax? Ana lu bon lu mu def?» Mbooloo ma gëna xaacooti, ne: «Daaj ko ci bant!»

15 Pilaat nag bëgg lu neex mbooloo ma, ba tax mu bàyyi Barabas. Mu cawlu Yeesu ay kàcciri, ba noppi teg ko ciy loxo, ngir ñu daaj ko ci bant.

## *Ñaawal nañu Yeesu*

16 Takk-deri Room ya nag dugal Yeesu ca ëttu kër boroom réew wa, daldi woo gàngoor ga gépp,

17 ñu solal ko mbubb mu xonq curr, teg ci boppam kaala gu ñu ràbbe ay dég.

18 Ña nga koy nuyu, naan: «Buuru Yawut yée, guddaluw fan!»

19 di ko dóor aw yet ci bopp, di ko tifli, di ko sukkal.

20 Ba ñu ko ñaawalee ba noppi, dañoo summi mbubb mu xonq ma, solal ko ay yéreem, door koo yóbbu, ngir ñu daaj ko ci bant.

## *Rey nañu Yeesu ca kaw bant ba*

21 Ci biir loolu jenn waay ju ñuy wax Simoŋ, dëkke fu ñu naan Siren* jóge ca tool ya, jaare fa. Muy baayu Alegsàndar ak Rufus. Moom lañu gàdduloo bant ba.

22 Ñu yóbbu Yeesu ca béreb ba ñuy wax Golgota, muy firi bérebu Kaaŋu bopp†.

23 Ñu bëgg koo nàndale biiñ bu ñu jaxaseek safal bu ñuy wax miir, mu bañ.

24 Ba mu ko defee ñu daaj Yeesu ca bant ba, ba noppi séddoo ay yéreem, tegoo ko bant, ngir xam lu ca ku nekk di am.

25 Ca yoor-yoor lañu daaj Yeesu ci bant, yemook juróom ñeenti waxtu.

26 Lii lañu bind ne moo di tuumaam ja ko daanlu: «Kii mooy Buurub Yawut yi.»

27-28 Ñaari fippukat lañu daajaaleek Yeesu ci ay bant, kenn ki ci ndijooram, ki ci des ci càmmoñam.

29 Ña fa jaare nag di ko saaga, aka wëcc bopp, naan: «Acam, yaw miy toj kër Yàlla gi, tabaxaat ko ci ñetti fan,

30 wàccal bant bi, musal sa bopp boog!»

31 Sarxalkat yu mag ya it naka noonu, ñook firikati yoonu Musaa ya. Ñu di ko ñaawal ci seen biir, naan: «Moom day musle te manul musal sax boppam.

32 Na Almasi bi, buurub Israayil wàcc bant bi léegi, nu gis ba gëm.» Ci biir loolu ña ñu daajaale ak moom itam di ko tifaare ay saaga.

## *Yeesu faatu na*

33 Ba fukki waxtu ak ñaar ca bëccëg jotee, ag lëndëm a wàcc ca réew ma mépp, ba fukki waxtu ak juróom ca ngoon.

34 Ba fukki waxtu ak juróom ca ngoon jotee, Yeesu àddu ca kaw, ne: «Elowi, Elowi, lema sabaktani?» muy firi: «Sama Yàlla, sama Yàlla, lu tax nga wacc ma?»

35 Ñenn ca ña ko teewe, dégg ca, ne: «Déggal, Yonent Yàlla Ilyaas lay woo.»

36 Mu am ku daw, jël ab sagar, xooj ko ci bineegar, lonk ko ci bant, tàllal ko ko, ngir mu naan, te ne: «Bàyyileen, nu seet, ndax Ilyaas ay ñëw, wàcce ko.»

37 Yeesu nag yuuxu, daldi dog.

38 Ba mu ko defee ridob biir néegu Yàlla ba xar ñaar, dale ca kaw ba ca suuf.

39 Njiitu takk-der ba taxawoon ca kanam Yeesu nag gis, na Yeesu doge. Mu ne: «Aylayéwén, waa jii mooy Doomu Yàlla!»

40 Ay jigéen a nga fa woon, dànd leen lu sore, di seetaan. Maryaama ma dëkk Magdala ca la bokk, ak Maryaama yaayu Yanqóoba mu ndaw ak Yose, ak ndaw seneen su ñuy wax Salome.

41 Ba Yeesu nekkee Galile, jigéen ñooñoo ko toppoon, di ko toppatoo. Ñeneen jigéen ñu baree nga ca woon, di ñu àndoon ak Yeesu, ba dikk Yerusalem.

* **15.21** ***Siren,*** ab dëkk la bu nekkoon ci tefesu bëj-gànnaaru Afrig te féete Misra sowu. † **15.22** ***bérebu Kaaŋu bopp*** mooy tund wu nirook kaaŋu bopp.

### *Rob nañu Yeesu*

42 Loolu lépp bésub Waajal ba la xewe, ëllëg sa di bésub Noflaay. Ca ngoon sa,

43 ku ñuy wax Yuusufa te dëkk Arimate, daldi takk aw fitam, dem ca Pilaat, sàkku ci moom, mu jox ko néewub Yeesu. Yuusufa moomu, ku ñu nawloo la woon ca kuréelu àttekati Yawut ya. Bokkoon na moom itam ca ña doon séentu nguurug Yàlla.

44 Ba Pilaat déggee ne Yeesu faatu na xaat, am na mbetteel. Mu woolu nag njiitu takk-der ya, laaj ko, ndax yàgg naa faatu.

45 Bi ko njiit la waxee, Pilaat may Yuusufa mu jël néew ba.

46 Fekk na Yuusufa jënd càngaayal lẽe. Mu wàcce néew ba, sàng ko ca, denc ko ci bàmmeel bu ñu yatt ciw doj. Ba mu ko defee Yuusufa béraŋ aw doj, ube ko buntu bàmmeel ba.

47 Ci biir loolu Maryaama ma dëkk Magdala, ak Maryaama yaayu Yose ña ngay xool fa ñu denc néew ba.

# 16

### *Yeesu Almasi bi dekki na*

1 Ba bésub Noflaay ba wéyee, Maryaamam Magdala ak Maryaama yaayu Yanqóoba ñoo ànd ak Salome jëndi diw gu xeeñ, ngir diwe ko néewub Yeesu.

2 Ba njël jotee, yemook bésub dibéer, ba jiitu ca ayu bésu Yawut ya, ñu xëy ca bàmmeel ba.

3 Ña nga naa ca seen biir: «Ku nuy béraŋal doj, wi ub buntu bàmmeel bi?»

4 Naka lañu ne siggét rekk, ñu gis ne doj wa béraŋu na ba lafu. Te doj wu réy lool la woon.

5 Ñu dugg ca biir bàmmeel ba, daldi gis xalelu góor bu tooge wetu ndijoor, sol mbubb mu weex tàll. Ñu tiit lool.

6 Mu ne leen: «Buleen tiit. Yeesum Nasaret, mi ñu daajoon ci bant, mi ngeen di seet, dekki na. Nekku fi. Fii lañu ko tëraloon.

7 Demleen nag wax ay taalibeem, ñook Piyeer, ne leen Yeesu jiituji na leen Galile. Foofa ngeen koy gise, na mu leen ko waxe woon.»

8 Ba loolu amee jigéen ña génn bàmmeel ba, daw, di lox te yéemu. Waxuñu kenn dara nag ndax tiitaange*.

### *Yeesu feeñu na ay taalibeem*

9 Gannaaw ba Yeesu dekkee ca subag dibéer ga, ndoortel ayu bés ba, Maryaamam Magdala ma mu dàqaloon juróom ñaari rab, moom la njëkka feeñu.

10 Maryaama nag àggeji ko àndandooy Yeesu ya, fekk ñuy naqarlu, di jooy.

11 Ba leen Maryaama nee Yeesoo ngi dund, te gis na Yeesu, gëmuñu ko.

12 Gannaaw loolu ñaar ca ñoom la Yeesu feeñoo jeneen jëmm, fekk leen ci yoon wu jëm àll ba.

13 Ñu wañ̃ñiku, wax ko ña ca des, waaye ñoom it gëmuñu leen.

14 Gannaaw ga, Yeesu feeñu na fukki taalibe yaak benn, fekk leen ñuy lekk. Mu yedd leen ndax seen ngëmadi ak seenug të, ngir la ñu gëmul ña ko njëkka gis, gannaaw ba mu dekkee.

15 Mu ne leen: «Demleen ci àddina sépp, ngeen àgge nit ñépp xibaaru jàmm bii.

16 Ku gëm, te ñu sóob ko ci ndox, dina mucc; ku gëmul, dees na ko teg daan.

17 Ñi gëm nag yii firnde lañuy àndal: dinañu dàq ay rab ci sama tur, dinañu làkk làkk yu bees;

18 dinañu jàppe seeni loxo ay jaan; bu ñu naanee tooke buy rey bu mu mana doon, du leen wàññi dara; te dinañu teg jarag ji loxo, ñu wér.»

19 Gannaaw ba Sang bi Yeesu waxee ak ñoom, ñu yéege ko asamaan, mu toog ci ndijooru Yàlla.

20 Taalibe ya nag di waareji fépp, Sang bi ànd ak ñoom di liggéey, tey dëggale kàddu ga, firnde ya kàddu ga àndal.

---

* **16.8** Màrk moom fii la yem; li ci des, keneen moo ko nettali.

# Xibaaru jàmm bu Almasi Yeesu, ci jottalib Luug

*Luug* ak *Jëf ya* daan nañu bokk ci benn téere bi Luug bind. Ñaar yépp a indi ni Yàlla njëkka woowe bànni Israayil ba noppi, doora woo mboolem xeet yi, ngir ñu barkeele ci Ibraayma.

Ci *Luug*, nettali bi, Yerusalem la jublu, ci péncum cosaanu Yawut yi. Ci *Jëf ya*, Yerusalem la nettali bi bawoo, jëm ci xeeti àddina yi ci des.

Ci tënk:

1.1—9.50 Liggéeyu Yeesu ca diiwaanu Galile la doore.
9.51—19.27 Tukkib Yeesu ci Yerusalem.
19.28—24.53 Almasi Yeesu sarxe na bakkanam ca Yerusalem, te gannaaw gi, mu dekki.

*Ubbite gi*

1 Bare na ñu fexee bind ab nettalib mbir
yi sotti woon ci sunu biir,
2 noonee nu ko jote ca ña ko fekke woon
ca ndoorte la, te seede yooyu mujj doon
jawriñi kàddug Yàlla.
3 Moo tax man it, ma fas laa yéenee
bindal lépp ba mu jekk, yaw Tewofil mu
tedd mi, gannaaw ba ma gëstoo mbir
mépp, dale ko ca ndoorte la, ba mu leer
nàññ.
4 Su ko defee nga xam xéll ne li ñu la
jàngal, lu wér péŋŋ la.

*Malaaka yégle na juddub Yaxya*

5 Jant ya Erodd nekkee buuru réewum
Yawut yi, ab sarxalkat la woon bu ñuy wax
Sàkkaryaa, bokk ci làngu sarxalkat yi
askanoo ci Abya, te soxnaam Elisabet
askanoo ci Aaróona.
6 Ñoom ñaar ñépp a juboon, Yàlla seede,
te mucc ayib ci ni ñuy jëfe santaane yeek
ndigali yooni Boroom bi.
7 Amuñu woon doom nag, ndax Elisabet
manul woona am doom, te it booba ñoom
ñaar ñépp a dem ba màggat.
8 Sàkkaryaa la làngam aye woon, muy def
liggéeyu carxalam fa kanam Yàlla.
9 Ba ñu tegoo bant, na ko sarxalkat yi
baaxoo woon, moom la bant ba dal, mu
wara dugg ci biir néegu Boroom bi, ngir
taal fa saraxu cuuraay.
10 Mbooloo mépp nag a nga woon ca biti
di ñaan, ca waxtuw saraxu cuuraay boobu.
11 Ci biir loolu menn malaakam Boroom
bi jekki feeñu Sàkkaryaa, ca wetu ndijooru
sarxalukaayu cuuraay ba.
12 Ba ko Sàkkaryaa gisee daa jaaxle,
tiitaange jàpp ko.
13 Malaaka ma ne ko: «Sàkkaryaa, bul tiit,
ndax sa ñaan nangu na. Elisabet sa soxna
dina am doom ju góor, nanga ko tudde
Yaxya.
14 Dinga am mbégte ak bànneex, te ñu
bareey bég ci juddoom,
15 ndax ku màgg lay doon, Boroom bi
seede. Biiñ ak lenn luy màndil nag, du ko
naan, Noo gu Sell gi mooy dale ca biiru
ndeyam, solu ko ba fees.
16 Ñu bare ci bànni Israayil, moo leen di
wañña ci Boroom bi seen Yàlla.
17 Mooy ndaw li koy jiitu, ànd ak leer ga
ak xam-xam ba woon ca Yonent Yàlla
Ilyaas, ba wañña xolu baay ci doomam,
wañña ku déggadi ci xelum aji jub, loolu
yépp ngir waajal aw xeet, ba ñu jekk ngir
Boroom bi.»
18 Sàkkaryaa nag ne malaaka mi: «Lu may
def ab takk ci loolu ba mu bir ma? Ndax
man màggat naa, te sama soxna it làq na
ay fan.»
19 Malaaka ma ne ko: «Man maay Jibril
miy taxaw fi kanam Yàlla. Dañu maa yónni
ngir ma wax ak yaw, yégal la bii xibaaru
jàmm.
20 Léegi nag, dama ne, gannaaw gëmuloo
sama kàddu, giy jot, sotti, dinga luu te
dootuloo mana wax, ba kera loolu di am.»
21 Ci biir loolu mbooloo maa ngay xaar
Sàkkaryaa, jaaxle lool ndax yàggaayam ca
biir néegu Yàlla ba.
22 Ba mu génnee nag, manula wax ak
ñoom. Ñu daldi xam ne am na lu ko feeñu
ca néegu Yàlla ba. Ma nga leen di liyaar,
manatula wax.
23 Naka la Sàkkaryaa fégal ayu carxalam,
daldi ñibbi.
24 Gannaaw gi, soxnaam Elisabet ëmb.
Lëlu na juróomi weer. Ma nga naan:

25 «Lii Boroom bee ma ko defal ci jant yi
mu ma geesoo, ba teggil ma sama gàcce gi
ci biir nit ñi!»

### *Jibril yégle na juddub Yeesu*

26 Ba Elisabet tolloo ci juróom benni
weeram, ca la Yàlla yebal Jibril malaaka
mi, dëkk bi ñuy wax Nasaret ca diiwaanu
Galile,
27 ci janq bu digoo séy ak waa ju ñuy
wax Yuusufa te bokk ci waa kër Daawuda.
Janq ba Maryaama lañu koy wax.
28 Malaaka ma agsi ba ca moom, ne ko:
«Jàmm nga am, yaw mi ñu baaxe, Boroom
bi yaw la àndal.»
29 Waxi malaaka ma nag jaaxal
Maryaama, muy xalaat lu nuyoo boobu
mana tekki.
30 Malaaka ma ne ko: «Maryaama, bul tiit,
ndax daje nga ak yiwu Yàlla.
31 Dinga ëmb, ba jur doom ju góor, nga
tudde ko Yeesu*.
32 Ku màgg lay doon, te dees na ko
woowe Doomu Aji Kawe ji. Boroom bi
Yàlla moo koy jagleel nguurug Daawuda
maamam.
33 Mooy nguuru fi kaw waa kër
Yanqóoba ba fàww, te nguuram du foq
mukk.»
34 Ci kaw loolu Maryaama laaj malaaka
mi ne ko: «Nu loolu di ame, te man ab janq
laa?»
35 Malaaka mi ne ko: «Noo gu Sell gi
mooy wàccsi ci yaw, dooley Aji Kawe ji yiir
la. Moo tax itam kiy juddoo ci yaw, dees
na ko woowe Ku sell, ak Doomu Yàlla.
36 Te kat Elisabet sa mbokk mi itam ëmb
na doom ju góor te fekk ko màggat. Ki ñu
doon woowe jigéen ju jaasir, mu ngi nii ci
juróom benni weeram,
37 ndax Yàlla, dara tëwu ko.»
38 Maryaama daldi ne: «Maa ngi, di
jaamub Boroom bi. Nii nga waxe, na ame
noonu ci man.»
Ba loolu amee malaaka ma bàyyikoo ca
moom, dem.

### *Maryaama seeti na Elisabet*

39 Ci fan yooyu la Maryaama fabu gaaw,
jëm diiwaanu tund ya, ca dëkkub Yude,
40 ba Sàkkaryaa dëkke. Mu agsi ca kër ga,
nuyu Elisabet.
41 Naka la Elisabet dégg nuyoob
Maryaama, doom ja mu ëmb yëngu ca
biiram. Elisabet daldi fees ak Noo gu Sell
gi.
42 Mu àddu ca kaw ne: «Yaa gëna barkeel
ci jigéen ñi, sa doom ji nga ëmb it barkeel
na!
43 Ana ku ma doon ba sama ndeyu Sang
di ma seetsi?
44 Naka la sa kàddug nuyoo tàbbi ci sama
nopp rekk, sama doom ji yëngu ci sama
biir bi ndax mbégte.
45 Ndokkalee yaw mi gëm ne mbir mi ñu
la yégal, te mu tukkee ci Boroom bi dina
sotti!»

### *Maryaama woy na mbaaxu Yàlla*

46 Maryaama nag ne:
«Sama xol laay màggale Boroom bi,
47 samag noo laay bége Yàlla mi may
musal,
48 moo geesu bii jaamam bu tekkeedi,
ba maasoo maas doxe fi woowe ma
boroom mbég mi,
49 nde Kiy Boroom doole moo ma defal
jaloore,
cellte ñeel naw turam.

50 «Yërmandeem a ñeel ay ragalkatam,
maas ci kaw maas.
51 Dooley loxoom la defe ay jaloore,
tasaare ñi jikkowoo réy-réylu,
52 wàcce buur yi ci seeni gàngune,
yékkati baadoolo yi.
53 Ñi xiif, mu reggale leen lu neex,
ñi duunle, mu dàqe loxoy neen.
54 Moo wallu bànni Israayil, jaamam,
bàyyee ko xel yërmandeem,
55 noonee mu ko dige woon sunuy maam,
ñeel Ibraayma ak askanam ba fàww.»
56 Maryaama toog na fa Elisabet lu wara
tollook ñetti weer, sooga ñibbi.

### *Lu jëm ci juddub Yaxya*

57 Gannaaw gi, Elisabet dem ba àppam
mat, mu mucc, am doom ju góor.

* **1.31** ***Yeesu*** ci làkku ebrë mooy Yosuwe, muy firi Aji Sax jeey musle. Aji Sax ji mooy tur wi Yàlla firil Musaa ci *Mucc ga* 3.13-15.

58 Dëkkandoom yaak ay bokkam yég
noonu ko Boroom bi xéewalee yërmandeem,
ñu bokk ak moom mbégte ma.
59 Ba bés ba délsee, ñu dikk xarafalsi xale
ba, bëgg koo tudde Sàkkaryaa, dippee ko
baayam.
60 Yaayam nag ne leen: «Déet, Yaxya lay
tudd.»
61 Ñu ne ko: «Waaye kenn ci say bokk
tuddul noonu!»
62 Ci kaw loolu ñu liyaar baayam, ngir
xam nu mu bëgg ñu tudde xale bi.
63 Sàkkaryaa laaj àlluwa, ñu jox ko, mu
bind ci: «Yaxya mooy turam.» Ñépp waaru.
64 Ca saa sa gémmiñ ga ubbiku, làmmiñ
wa nangu, muy wax, daldi sant Yàlla.
65 Ba loolu amee tiitaange dikkal
mboolem ña leen séq, te mbir moomu
mépp nag doon waxtaan ca diiwaanu
tundi Yude gépp.
66 Ña ca dégg ñépp daldi bàyyi xel ca
mbir ma, te naan: «Lu xale bii nara doon
ëllëg?» ndax manoorey Boroom bee
àndoon ak moom.

## *Sàkkaryaa sant na Yàlla*

67 Ci kaw loolu Sàkkaryaa baayu Yaxya
fees ak Noo gu Sell gi, daldi tàmbalee jottali
kàdduy waxyu, ne:
68 «Cant ñeel na Boroom bi Yàllay Israayil,
moo seetsi ñoñam, ba jot leen!
69 Moo nu feeñalal Musalkat bu
manoorewu,
fi biir kër Daawuda jaamam ba,
70 noonee mu ko waxe woon ca jant yu
njëkk ya,
yonentam yu sell ya woon jottali.
71 Moo nu musal ci sunuy noon,
jële nu ci sunu loxoy mboolem bañaale.
72 Moo jëfe yërmande ñeel sunuy maam,
tey bàyyi xel kóllëreem gu sell,
73 ak ngiñ la mu giñaloon sunu maam
Ibraayma,
74 ne moo nuy may nu mucce ci loxoy
noon,
ba man koo jaamoo xel mu dal
75 ci biir sellaay ak njub ci kanamam, sunu
giiru dund.
76 «Ngóor si nag yaw, yonentu Aji Kawe ji
lees lay woowe,
nde yaay dox, jiitu Sang bi, xàllal kow
yoonam,
77 ngir yégal ñoñam mucc
guy topp seen njéggalug bàkkaar.
78 Sunu Yàllaa yaatu yërmande,
moo nu fenkal ab jant,
79 di niital ñi tooge biir lëndëm ak
takkndeeru dee,
di nu gindi, teg nu ci yoonu jàmm.»
80 Xale bi nag di màgg, xel ma di yokku.
Mu dëkk ca màndiŋ ma, ba bés ba mu
feeñoo bànni Israayil.

# 2

## *Yeesu juddu na ca Betleyem*

1 Jamono yooyu ndigal moo tukkee
woon ci buur bu mag bu ñuy wax Sesaar
Ogust. Mu ne na ñépp binduji ca limeef ya.
2 Mbindu mooma mooy mu njëkk ma,
yemook ba Kiriñus dee boroom réewum
Siri.
3 Ci kaw loolu ñépp binduji, ku nekk ca
sa dëkku cosaan.
4 Ku ñuy wax Yuusufa itam jóge Nasaret
ca diiwaanu Galile, jëm ca diiwaanu Yude
ca Betleyem, dëkk ba Daawuda cosaanoo,
ndax ci waa kër Daawuda la askanam
bokk.
5 Maryaama mi digook moom séy la
àndal binduji, te fekk ko mu ëmb.
6 Naka lañu dal Betleyem, waxtuw
muccam agsi.
7 Mu am doom ju góor, mu dib taawam.
Mu laxas ko, tëral ko ca gàmbug jur ga*,
ndax ñàkk fu ñu xaj ca néegu gan ba.

## *Malaaka feeñu na ay sàmm*

8 Booba ay sàmm a nga ca gox boobee, di
fanaanee wattu seenug jur.
9 Am malaakam Boroom bi jekki feeñu
leen, leeru Boroom bi melax, wër leen, ñu
tiit tiitaange ju réy.
10 Malaaka mi ne leen: «Buleen tiit, ndax
kat maa leen indil xibaaru jàmm bu doon
mbég mu réy, ñeel askan wépp.

* **2.7 *gàmbug jur ga:*** nit ñi ak jur gi ñoo daan bokk fu ñuy fanaan, doonte dañoo sàkkaloon jur gi béreb bu gëna suufe, gàmbug jur gi dox seen diggante ak nit, ñay féete fu gëna kawe.

11 Bésub tey jii ca dëkku Daawuda,
juddule ngeen ab Musalkat, te mooy
Almasi bi, di Sang bi.
12 Li ngeen ciy def ab takk moo di:
dingeen gis liir bu ñu laxas, tëral ko ci
gàmbug jur.»
13 Ca saa sa gàngooru asamaan gu mag
ànd ak malaaka mi, di sàbbaal Yàlla, ne:
14 «Daraja ñeel na Yàlla fa asamaan sa gëna
kawe,
jàmm ci kaw suuf ñeel ñi Yàlla baaxe.»
15 Ba malaaka ya bàyyikoo ca sàmm sa,
dellu asamaan, sàmm say wax ca seen biir,
naan: «Nanu dem boog Betleyem, seeti la
fa xew, te Boroom bi xamal nu ko.»
16 Ñu gaaw dem ba foofa, daldi gis
Maryaama ak Yuusufa, ak liir ba tëdd ca
gàmbug jur ga.
17 Naka lañu leen gis, daldi leen xamal la
ñu leen wax ca mbirum xale ba.
18 Mboolem ña dégg la leen sàmm sa wax
nag waaru lool.
19 Teewul Maryaama moom, bàyyi woon
na xel ci mbir moomu mépp, di ko xalaat
ci xolam.
20 Ba loolu amee sàmm sa dellu, di
sàbbaal aka sant Yàlla ci mboolem la ñu
dégg, gis ko, te lépp ame noonee ñu leen ko
waxe woon.

### *Yóbbu nañu Yeesu ca kër Yàlla ga ca Yerusalem*

21 Ba juróom ñetti fani xale bi matee, ñu
xarafal ko, tudde ko Yeesu, na ko malaaka
ma tudde woon, bala moo sosu.
22 Gannaaw ba seen fani setlu† matee, ni
ko yoonu Musaa laaje, ñu yóbbu xale bi
Yerusalem, ngir teewal ko fi kanam
Boroom bi,
23 noonee ñu ko binde ci yoonu Boroom
bi ne: «Bépp taaw bu góor, dees koy tudde
séddoo bu sell, ñeel Boroom bi.»
24 Ñu yóbbaale sarax bi ci war, ni ko
yoonu Boroom bi santaanee: «ñaari pitax
mbaa ñaari xati yu ndaw.»

### *Simeyon sàbbaal na Yàlla*

25 Amoon na nag ca Yerusalem ku ñuy
wax Simeyon; ku juboon, ragal Yàlla, di
séentu jamono ji nekkinu bànni Israayil di
ame ag tan, te Noo gu Sell gi àndoon ak
moom.
26 Ndéey nag tukkee ci Noo gu Sell gi,
xamal ko ne ko du dee mukk te gisul
Almasi bu Boroom bi.
27 Ci kaw loolu mu dem ba ca biir kër
Yàlla ga ci dooley Noo gu Sell gi. Gannaaw
loolu waajuri Yeesu indi Yeesu ngir defal
ko li aaday yoon wi laaj.
28 Simeyon itam jël xale bi, leewu ko,
daldi sàbbaal Yàlla, ne:
29 «Léegi nag Buur Yàlla, yiwil sab jaam,
mu dem ak jàmm, noonee nga ko waxe
woon.
30 Nde saay gët tegu na ci mucc gi nga
dogal,
31 waajal ko fi kanam askan yépp,
32 mu dig leer, ñeel jàmbur ñi,
sagal Israayil sa ñoñ.»
33 Baay bi ak ndey ji nag yéemu ci kàddu
yooyu ñu wax ci xale bi.
34 Ba loolu amee Simeyon ñaanal leen,
ba noppi ne ndeyam Maryaama: «Dama
ne, kii lañu yebal ngir sànkutey ñu bare
mbaa seenug leqaliku ci digg Israayil, ngir
itam mu doon firnde ju ñuy gàntal.
35 Yaw nag, sab xol la aw naqar wu mel
ni saamar di xar, ba ñu bare la seen
xalaati biir xol di feeñ.»

### *Aana sant na Yàlla*

36 Jigéen ju ñuy wax Aana, ab yonent la
woon ca Yerusalem, di doomu Fanuwel mi
askanoo ci giirug Aser. Mag la woon lool.
Ba muy janq la séy, nekk ak jëkkëram
juróom ñaari at.
37 Jëkkër ja faatu, mu toog, séyaatul, ba
booba mu amee juróom ñett fukki at ak
ñeent (84). Daawul jóge ca kër Yàlla ga,
koor ak ñaan la daan jaamoo guddi ak
bëccëg.
38 Aana nag dikk moom it ca waxtu
woowa, daldi delloo Yàlla njukkal. Ci kaw
loolu muy waxtaane mbirum xale bi ak
mboolem ña doon séentu bésu goreelug
Yerusalem.
39 Ci kaw loolu ñu matal mboolem lu
yoonu Boroom bi laaj, doora dellu
Nasaret, seen dëkk ba ca diiwaanu Galile.

† **2.22 *setlu:*** ab diir lañu àppaloon wasin-bees gannaaw bu taawloo góor, bala moo yóbbu xale bi kër Yàlla ga, ngir def sarax yi setluy wasin-bees laaj. Seetal ci *Sarxalkat yi* 12.6-8.

40 Xale bi nag di màgg, di dëgër, xel mu
rafet wër ko, te yiwu Yàlla ànd ak moom.

*Yeesu feeñ na ca kër Yàlla ga*

41 At mu jotaan nag waajuri Yeesu daan
dem Yerusalem, ngir màggali bésub Mucc
ba.
42 Ba Yeesu amee fukki at ak ñaar, ñu
dem màggali na ñu ko baaxoo woon.
43 Ba màggal ga tasee, ñu ñibbi, ngóor sa
Yeesu moom des Yerusalem, te ay
waajuram yéguñu ko.
44 Ñu xalaat ne, Yeesu daa ànd ak ñu ñu
bokkaloon yoon. Dox nañu bésub lëmm,
door koo wëri ci seeni bokk ak seeni xame,
45 te taxul ñu gis ko. Ñu daldi dellu
Yerusalem, seeti ko.
46 Ca gannaaw ëllëg sa lañu ko fekk ca
kër Yàlla ga, mu toog ca digg jàngalekat ya,
di leen déglooka laaj.
47 Mboolem ña ko dégg yéemu ci
dégginam aki tontam.
48 Ay waajuram gis ko, waaru. Yaayam
ne ko: «Doom, li nga nu def nag? Maak sa
baay a ngi jaaxle, di la seet!»
49 Mu ne leen: «Lu ngeen may seete?
Xamuleen ne sama kër Baay laa wara
nekk?»
50 Ay waajuram ñoom dégguñu kàddu
googu mu leen wax.
51 Gannaaw loolu Yeesu ànd ak ñoom,
dellu Nasaret, tey saxoo déggal ay
waajuram. Yaayam nag takk mbir yooyu
yépp ci xolam.
52 Yeesu moom, ma ngay màgg ci dayo
ak xel mu rafet, ak cérub yiw fi Yàlla ak nit
ñi.

# 3

*Yaxya waare na*

1 Ca fukkeelu at ak juróom ci nguurug
buur bu mag ba Tibeer Sesaar, ba Poñsë
Pilaat yilifee diiwaanu Yude, Erodd yilif
diiwaanu Galile, Filib magam yilif
diiwaanu Iture ak bu Tarakonit, Lisañas
yilif Abilen,
2 jamono yooyu Anas ak Kayif doone
sarxalkat yu mag ya, ca la kàddug Yàlla
dikkal Yaxya doomu Sàkkaryaa, ca màndiŋ
ma.
3 Yaxya dugg ci mboolem àll bi wër dexu
Yurdan, di waare lu jëm ci tuubeel gu nit
ñi wara fésale ag sóobu cim ndox, ngir Yàlla
jéggal leen seeni bàkkaar.
4 Loolu lañu bind ci téereb waxi Yonent
Yàlla Esayi ne:
«Baatu nit a ngi xaacoo ca màndiŋ ma,
naan:
“Nangeen xàll yoonu Boroom bi,
juballeen ay xàllam.
5 Xur yépp ay sëkke,
tund wu mag ak wu ndaw maasaloo,
yoon ya lunkoon, jubbantiku,
ya ñagasoon, nooy,
6 ba ñépp gis mucc gi Yàlla dogal.”»
7 Yaxya nag di wax mbooloo may ñëw
ngir mu sóob leen ci ndox, naan leen:
«Yeen njurum jaan mee, ku leen artu, ba
ngeen di daw sànj miy dikk?
8 Kon nag jëfeleen jëf ju yelloo ag
tuubeel, te baña nax seen bopp naan:
“Nun, Ibraayma mooy sunu maam,” ndax
maa leen ko wax, doj yii, Yàlla man na cee
sàkkal Ibraayma aw askan.
9 Te itam xàcc nañu sémmiñ ngir gor
reenu garab yi ba noppi. Kon nag gépp
garab gu ci meññul doom yu baax, dees
koy gor, sànni ca sawara sa.»
10 Mbooloo ma itam laaj ko ne ko: «Ana
lu nu war nag?»
11 Mu ne leen: «Ku am ñaari turki, na
sédd ki amul. Ku am aw ñam itam, na defe
noonu.»
12 Ay juutikat itam dikk, ngir sóobusi; ñu
ne Yaxya: «Kilifa gi, ana lu nu war?»
13 Mu ne leen: «Xanaa baña sàkku lenn lu
moy li jaadu.»
14 Ay takk-der itam ne ko: «Nun nag, nu
nuy def?» Mu ne leen: «Buleen néewal kenn
doole, mbaa di duural kenn ngir jëlal ko
dara; doyloo leen seen peyoor.»
15 Ci kaw loolu askan wa di séentu, ñépp
di seetaat ci seen xel, ndax Yaxya mooy
Almasi bi.
16 Yaxya wax leen ñoom ñépp ne leen:
«Man de ci ndox laa leen di sóob. Waaye ku
ma sut a ngi ñëw, kooku, buumi caraxam

* **3.16 *Sóobu gi ci Noo gu Sell gi ak ci sawara:*** Almasi bi moo leen di sol doole ju bawoo ci Noo gu Sell gi, ak itam setal leen ni sawara di setale weñ gu am lu ko rax. Sawara dina taxawe itam céru mbugal mu ñeel ñi déggalul Yàlla. Seetal ci 12.49; *Jëf ya* 2.3.

sax, yeyoowuma ko koo feccil. Moom, ci
Noo gu Sell gi ak sawara la leen di sóob*.
17 Ab layoom a ngi ci loxoom, mooy jéri
dàggaam, ba mu set wecc; pepp mi lay fat
cim sàqam, waaye xatax bi, da koy lakk ci
sawara su dul fey mukk.»
18 Bare na yeneen dénkaane yu Yaxya
doon xamal nit ñi, di yégle xibaaru jàmm
bi.
19 Erodd boroom réew ma nag, Yaxya
sikkoon na ko ndax Erojàdd jabaru
magam ja mu nekkaloon, ak mboolem
yeneen ñaawtéef yu Erodd def.
20 Mu tegati leneen ca loolu lépp: jàpp
Yaxya, tëj ca kaso ba.

### *Yaxya sóob na Yeesu ci ndox*

21 Noonu Yaxya doon sóobe ñépp cim
ndox, ni la deme ba Yeesu dikk, mu sóob
ko ci ndox. Ci biir loolu Yeesu yékkati
kàddug ñaan, asamaan ubbiku.
22 Ba loolu amee Noo gu Sell gi moo
bindoo ni pitax, wàcc ci kawam, baat jibe
asamaan, ne: «Yaa di sama Doom, sama
soppe; yaw laay bànneexoo.»

### *Lu jëm ci cosaanu Yeesu Almasi bi*

23 Yeesu ci boppam ba muy door, amoon
na lu tollu ci fanweeri at, di doomu
Yuusufa, ni ko xel mana jàppe.
Yuusufa, Eli mooy baayam,
24 Eli, Matat. Matat, Lewi; Lewi, Melki;
Melki, Yanayi; Yanayi, Yuusufa;
25 Yuusufa, Matacas; Matacas, Amos;
Amos, Nawum; Nawum, Esli; Esli,
Nagayi.
26 Nagayi, Maat; Maat, Matacas; Matacas,
Semeyin; Semeyin, Yosex; Yosex,
Yoda.
27 Yoda, Yoxanan; Yoxanan, Resa; Resa,
Sorobabel; Sorobabel, Selcel; Selcel,
Neri;
28 Neri, Melki; Melki, Adi; Adi, Kosam;
Kosam, Elmadam; Elmadam, Er.
29 Er, Yosuwe; Yosuwe, Elyeser; Elyeser,
Yorim; Yorim, Matat; Matat, Lewi;
30 Lewi, Simeyon; Simeyon, Yuda; Yuda,
Yuusufa; Yuusufa, Yonam; Yonam,
Elyakim.
31 Elyakim, Meleya; Meleya, Mena; Mena,
Matata; Matata, Natan; Natan,
Daawuda.
32 Daawuda mooy doomu Yese; Yese,
Obedd; Obedd, Bowas; Bowas, Sala;
Sala, Naason.
33 Naason, Aminadab; Aminadab, Admin;
Admin, Arni; Arni, Esron; Esron,
Peres; Peres, Yuda;
34 Yuda, Yanqóoba; Yanqóoba, Isaaxa;
Isaaxa, Ibraayma; Ibraayma, Teraa;
Teraa, Naxor;
35 Naxor, Serug; Serug, Rew; Rew, Peleg;
Peleg, Eber; Eber, Sela;
36 Sela, Kenan; Kenan, Arpagsàdd;
Arpagsàdd, Sem; Sem, Nóoyin;
Nóoyin, Lemeg;
37 Lemeg, Matusalem; Matusalem, Enog;
Enog, Yeredd; Yeredd, Maalaleel;
Maalaleel, Kenan;
38 Kenan, Enos; Enos, Set; Set, Aadama;
Aadama, Yàlla.

## 4

### *Yeesu dékku na pexey Seytaane*

1 Yeesu moo feesoon ak Noo gu Sell gi,
bàyyikoo ci dexu Yurdan, ci njiital Noo gi,
ba ca biir màndiŋ ma.
2 Ñeent fukki fan la ko fa Seytaane fiire.
Yeesu lekkul dara diir boobu bépp.
Gannaaw ba fan yooyu wéyee, mu xiif.
3 Seytaane nag ne ko: «Ndegam yaa di
Doomu Yàlla, neel doj wii mu soppaliku
mburu.»
4 Yeesu ne ko: «Bindees na ne: “Du aw
ñam doŋŋ la nit di dunde*.”»
5 Seytaane yéege na ko fu kawe itam,
won ko mboolem nguuri àddina, ci xef ak
xippi.
6 Seytaane ne Yeesu: «Yaw laay may
mboolem kilifteef gii ak daraja ji mu àndal,
ndax man lees ko jox, te ku ma soob laa
koy may.
7 Kon nag soo ma sujjóotalee, yaa moom
lépp.»
8 Yeesu ne ko: «Bindees na ne:
“Boroom bi sa Yàlla ngay sujjóotal, te
moom doŋŋ ngay jaamu†.”»

* **4.4** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 8.3. † **4.8** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.13.

9 Seytaane yóbbu na ko Yerusalem, aj ko
ca njobbaxtalu kër Yàlla ga, ne ko: «Ndegam
yaa di Doomu Yàlla, tëbeel fii, wàcc,
10 ndax bindees na ne:
“Ay malaakaam lay jox ndigal ci sa mbir,
ñu sàmm la,
11 te seeni loxo lañu lay leewoo,
ba doo fakkastalu ciw doj‡.”»
12 Yeesu ne ko: «Bindees na ne: “Bul seetlu
Boroom bi sa Yàlla§.”»
13 Seytaane lalal na Yeesu gépp fiir ba
sottal, doora dem, bàyyi ko ab diir.

## *Mbind mi mat na tey*

14 Ba loolu amee Yeesu dellu Galile ci
manoorey Noo gu Sell gi, ab jëwam nag
law ca diiwaan ba bépp ba mu daj.
15 Muy jàngale ca seeni jàngu, ñépp di ko
kañ.
16 Yeesu moo dikkoon Nasaret ga mu
yaroo, daldi dugg ca jàngub Yawut ba, na
mu ko baaxoo woon ci bésub Noflaay. Mu
taxaw ngir biral ab dog.
17 Ñu jox ko téereb Yonent Yàlla Esayi.
Mu ubbi téere bi, gis dog bi ñu bind ne:
18 «Noowug Boroom baa ngi fi sama kaw,
ndax moo ma diw, fal ma
ngir ma yégal néew-doole yi xibaaru jàmm
bi.
Moo ma yebal ngir ma yégal jaam yi, ne
dees na leen jot,
yégal gumba yi, ne dinañu gis,
yégal ñi ñu noot, ne dees na leen goreel,
19 tey yéene atum yiw wu Boroom bi.»
20 Ci kaw loolu mu ub téere bi, delloo ko
jawriñ ja, daldi toog. Ña ca jàngu ba ñépp
nag ne ko jàkk.
21 Mu àddu, ne leen: «Tey jii la Mbind mii
mat, ngeen dégg.»
22 Ñépp a doon seedeel Yeesu lu rafet,
tey yéemu ci kàdduy yiw yi tukkee ci
gémmiñam. Ñu naan: «Xanaa kii du doomu
Yuusufa ji?»
23 Mu ne leen: «Xam naa ne dingeen ma
waxal waxin wi ñu naan: “Fajkat bi, fajal
sa bopp.” Mboolem li nu dégg ne moo xew
Kapernawum, def ko fii ci sa réewum bopp
itam.»
24 Mu neeti: «Maa leen ko wax déy, amul
benn yonent bu ñu teral ci réewu boppam.
25 Maa leen wax ne liy dëgg moo di, ca
jamonoy Ilyaas, ba asamaan tëjoo diiru
ñetti at ak juróom benni weer, ba xiif bu
metti am ca réew mépp, ay jëtun ñu baree
nga woon ca Israayil.
26 Moona du kenn ci ñoom ku ñu yebal
Ilyaas ca moom ku moy jëtun ba dëkke
Sarebta, ca Sidon.
27 Jamonoy Yonent Yàlla Alyaasa itam,
ay gaana yu baree nga woon ca Israayil.
Waaye fajeesu ci kenn ku moy Naaman,
waa Siri ba.»
28 Ba mboolem waa jàngu ba déggee
loolu dañoo mer ba fees.
29 Ñu jóg, bëmëx ko ba génne ko dëkk ba,
yóbbu ko ca kéméju tund wa seen dëkk ba
sance, ngir xalab ko ci suuf.
30 Teewul moom mu jaare ci seen biir,
dem yoonam.

## *Yeesu faj na ku rab jàpp*

31 Ba mu ko defee Yeesu dem
Kapernawum, ab dëkk ca diiwaanu Galile,
di leen jàngal ca bési Noflaay ya.
32 Nit ña nag yéemu ca njàngaleem, ndax
sañ-sañ ba muy waxe.
33 Ndeke foofa ca jàngu ba, jenn waay ju
rab jàpp a nga fa woon. Waa ji jekki xaacu,
ne:
34 «Moo yaw Yeesum Nasaret, ana lu nu
joteek yaw? Alagsi nu mooy say tànk? Xam
naa yaa di kan, yaa di Aji Sell ju Yàlla ji!»
35 Yeesu nag gëdd ko, ne ko: «Noppil te
génn nit ki!» Rab wa daaneel nit ki ca digg
mbooloo ma, doora génn te gaañu ko fenn.
36 Ba loolu amee ñépp a yéemu, di wax ci
seen biir, naan: «Gii kàddu lu mu doon?
Moom de sañ-sañ ak xam-xam lay joxe rab
yi ndigal, ñu génn.»
37 Coowal Yeesu nag law ba fépp fu bokk
ca diiwaan ba.

## *Yeesu faj na jarag yu bare*

38 Yeesu jóge ca jàngu ba, dem kër Simoŋ,
daldi fekk yaayu jabaru Simoŋ ànd ak
tàngooru yaram wu réy. Ñu ñaan ndimbal
Yeesu.
39 Mu dikk, tiim soxna sa, daldi gëdd
tàngooru yaram wa, tàngoor wa teqalikook
moom. Soxna sa jóg ca saa sa, di leen
toppatoo.

‡ **4.11** Seetal ci *Taalifi cant* 91.11-12. § **4.12** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.16.

40 Ba jant sowee, mboolem ña amoon ay
jarag yu ame ay jàngoroy jàngoro, daldi
leen indil Yeesu. Moom it, mu teg kenn ku
ci nekk ay loxoom, wéral la.
41 Ay rab itam di génne ci ñu bare, di
yuuxu, te naan: «Yaay Doomu Yàlla!»
Teewul mu gëdd leen, aaye leen ñu wax,
ndax xamoon nañu ne mooy Almasi bi.
42 Njël gu njëkk ca ëllëg sa la Yeesu génn
dëkk ba, dem ba béreb bu wéet. Mbooloo
ma nag di ko seet, ba dikk, di ko téye, bañ
mu dem, ba leen.
43 Mu ne leen: «Yeneen dëkk yi it, war na
ma faa yégleji xibaaru jàmm bu nguurug
Yàlla, ndax looloo tax ñu yebal ma.»
44 Ci kaw loolu muy waare ca jàngu
Yawut ya ca réew mi.

# 5

## *Yeesu woo na ay taalibe*

1 Yeesoo nga taxawoon ca tàkkal dexu
Senesaret*, mbooloo ma tancaloo ci
kawam, di déglu kàddug Yàlla.
2 Ci biir loolu mu gis ñaari gaal yu taxaw
ci tàkk gi, nappkat ya ca wàcce, di fóot
seeni mbaal.
3 Mu dugg ci genn gaal gi, muy gu
Simoŋ. Mu ñaan ko mu bëmëx ba dànd
tefes gi as lëf. Mu defal ko noonu, Yeesu
toog, tàmbalee jàngal mbooloo ma fa mu
tollu ca biir gaal ga.
4 Naka la jàngale ba noppi, ne Simoŋ:
«Bëmëxal ba ca xóote ba, te ngeen sànni
seeni mbaal ba jàpp.»
5 Simoŋ ne ko: «Njaatige, coono lanu
fanaane biig te jàppunu dara. Xanaa ma
sànni ko rekk ci sa ndigal.»
6 Naka lañu sànni mbaal yi, daldi jàpp jën
yu baree bare, ba mbaal ya di xëtt.
7 Ba loolu amee ñu liyaar seen moroom
ya ca geneen gaal ga, ngir ñu dimbalisi
leen. Ñu dikk, yebandook ñoom, feesal
ñaari gaal yépp, ba ñuy bëgga suux.
8 Simoŋ Piyeer nag gis loolu, daldi sukk
fa kanam Yeesu, ne ko: «Sang bi, ngalla
sore ma, ngir man nitu bàkkaarkat laa!»,
9 ndax tiitaange ju ko jàpp, mook
mboolem ña mu àndal, ca jën yu bare ya ñu
jàpp.
10 Yanqóoba ak Yowaan doomi Sebede
ya mu bokkaloon liggéey ba itam noonu
lañu tiite. Yeesu ne Simoŋ: «Bul ragal dara;
gannaaw-si-tey, ay nit ngay napp.»
11 Ci kaw loolu ñu teeral gaal ya ca tefes
ga, daldi won lépp gannaaw, topp ca
moom.

## *Yeesu faj na ku gaana*

12 Yeesoo nga nekkoon cib dëkk, ndeke
jenn waay a nga fa, ju jàngoroy ngaana daj
ca yaram wa. Ba mu gisee Yeesu, daa
daanu, dëpp jëëm ci suuf, sarxu ko, ne:
«Sang bi, su la soobee, man nga maa setal.»
13 Yeesu tàllal loxoom, laal ko ne: «Soob
na ma, setal.» Ca saa sa ngaana ga
teqalikook moom.
14 Yeesu dénk ko ne ko: «Bu ko wax kenn,
demal rekk ca sarxalkat ba, ngir mu seet
la, te nga génne sa saraxu setlu, ni ko
yoonu Musaa santaanee, muy firnde ci
ñoom†.»
15 Teewul jëwub Yeesu gënatee law.
Mbooloo yu bare daje, di ko déglu tey faju,
ba tàggook seeni jàngoro.
16 Moom nag muy rocceekuy dem ba ci
béreb yu wéet, di fa ñaaneji.

## *Yeesu faj na ab lafañ*

17 Yeesu moo doon jàngale bés, fu ay
Farisen ak ay jàngalekati yoonu Musaa
toogoon, ñu jóge ca mboolem dëkki Galile
ak Yude ak Yerusalem, te manoorey
Boroom bi teew faak moom, ngir faj jarag
ja.
18 Ci biir loolu ay nit ne jalañ, jàppoo ab
lafañ bu ñu tëral cig laltu. Ñu di ko wuta
dugal, ngir tëral ko ca kanam Yeesu.
19 Waaye gisuñu fu ñu koy awale ndax
mbooloo ma. Ñu yéeg ca kaw néeg ba,
xeddi lenn ca xadd ba, yoor waa jaak laltu
ga, wàcce ko ca digg ba, fa kanam Yeesu.
20 Yeesu nag seetlu seen ngëm, daldi ne
lafañ ba: «Mbokk mi, jéggalees na la say
bàkkaar.»

* **5.1** ***dexu Senesaret*** mooy dexu Galile ba tey. † **5.14** Ci yoonu Musaa, jàngoroy der juy law ju mel ni ngaana, sobe la woon ca ka mu dal, te du set li feek wérul. Seetal ci *Sarxalkat yi* 13.45-46; 14.1-32.

21 Firikati yoonu Musaa yi ak Farisen yi
tàmbalee nàttable ci seen xel, naan: «Kii di
diir Yàlla mbagg mooy kan? Ana ku mana
jéggaley bàkkaar ku dul Yàlla doŋŋ?»
22 Yeesu nag xam la ñuy nàttable ci seen
xel, daldi àddu, ne leen: «Lu ngeen di
nàttable ci seen xel?
23 Ana lu gëna yomb ci yii yaar: ne
“Jéggalees na la say bàkkaar,” am ne: “Jógal
te dox”?
24 Kon nag dingeen xam ne Doomu nit
ki am na ci kaw suuf, sañ-sañu jéggale ay
bàkkaar.» Mu ne lafañ ba: «Dama ne, jógal,
jël sag laltu te dem ñibbi.»
25 Nit ka daldi ne ñokket ca kanam ñépp,
jël laltu ga mu tëddoon, jëm këram, di
sàbbaal Yàlla.
26 Ba loolu amee mbooloo mépp a jommi
ba jommaaral, di sàbbaal Yàlla, tiitaange
jàpp leen, ñu naan: «Gis nanu tey mbir yu
tiiñ am xel.»

## *Yeesu woo na Lewi*

27 Gannaaw loolu Yeesu génn, gis ab
juutikat bu ñuy wax Lewi‡, mu toog ca
juuti ba. Mu ne ko: «Kaay, topp ma.»
28 Lewi jóg, bàyyi lépp, topp ko.
29 Ci kaw loolu Lewi waajalal ko bernde
ju réy ca këram. Mbooloo mu bare teew, ay
juutikat ak yeneen gan, ñu bokk toog, di
lekk.
30 Farisen yi ak seeni firikati yoon nag di
xultu ci kaw taalibey Yeesu yi, ne leen:
«Juutikat yeek bàkkaarkat yi ngeen di
bokkal lekk aka naan nag?»
31 Yeesu ne leen: «Du ñi wér ñoo soxla
fajkat, ñi wéradi ñoo ko soxla.
32 Du ñi jub laa woosi, bàkkaarkat yi laay
woo, ngir jëme leen cig tuubeel.»

## *Koor du wartéef ci gëmkatub Yeesu*

33 Dañoo wax Yeesu, ne ko: «Taalibey
Yaxya de, dinañu faral di woor, di ñaan.
Farisen yi it noonu, waaye sa ñoñ, lekk
aka naan lañu dëkke.»
34 Yeesu ne leen: «Ndax man ngeena
woorloo xariti boroom séet, li feek
boroom séet baa ngi teew ci seen biir?
35 Teewul ay jant a ngi ñëw, dees na jële
boroom séet bi ci seen biir. Kera bés yooyu
nag, dinañu woor.»
36 Yeesu léebati leen, ne leen: «Mbubb mu
bees, deesu ci xotti ab sekkit, ngir daaxe
ko mbubb mu ràpp. Lu ko moy mbubb mu
bees mi xottiku ba noppi, te du tax sekkit
wu bees wi ànd ak mbubb mi ràpp.
37 Te it mbuusum der yu ràpp, deesu ci
duy biiñ bu bees. Lu ko moy biiñ bu bees
bi fàcc mbuus yi; biiñ bi tuuru, mbuus yi
yàqu.
38 Biiñ bu bees daal, ci mbuus mu bees
lees koy denc.
39 Te itam deesul naan biiñ bu yàgg, di
bëggati bu bees, xanaa nga ne: “Bu yàgg
bee baax§.”»

# 6

## *Bésub Noflaay, Yeesu mooy boroom*

1 Bésub Noflaay la woon, Yeesu doon
jaar ci ay tool yu ñor, taalibeem ya fàqe ca
ay gub, di boxom, di lekk.
2 Ñenn ca Farisen ya ne leen: «Lu waral
ngeen di def lu yoon mayewul ci bésub
Noflaay?»
3 Yeesu ne leen: «Xanaa jànguleen la
Daawuda defoon, ba mu xiifee, moom, ak
ña mu àndaloon?
4 Ba mu duggee ca kër Yàlla ga, mburum
teewal ma la jël, lekk, jox ca ña mu àndal,
te yoon mayewul kenn ku ca lekk ku dul
sarxalkat yi.»
5 Mu neeti leen: «Bésub Noflaay, Doomu
nit ki mooy boroom.»

## *Yeesu faj na nit ku loxoom làggi*

6 Beneen bésub Noflaay, Yeesu dugg ca
jàngub Yawut ba, di jàngale. Jenn waay ju
loxol ndijooram làggi ma nga fa woon.
7 Firikati yoonu Musaa yaak Farisen yaa
ngay xool Yeesu, ba xam ndax dina ko faj
ca bésub Noflaay ba, ngir ñu am lu ñu ko
tuumaale.
8 Yeesu nag xam seen xalaat, daldi ne
boroom loxo bu làggi ba: «Jógal taxaw fii ci
digg bi.» Mu jóg taxaw.
9 Yeesu ne leen: «Laaj naa leen, ana lu
yoon maye ci bésub Noflaay: def lu baax
am lu bon? Rawale bakkan walla faat?»
10 Ci kaw loolu mu dawal bëtam, xool ña
ko yéew ñépp, ba noppi ne waa ja: «Tàllalal
sa loxo.» Mu tàllal, loxo ba wér.

‡ **5.27** ***Lewi*** ak Macë kenn nit ki la. § **5.39** Biiñ, nee ñu lu mu gëna yàgg rekk moo gën.

11 Ñu mer nag ba fees, di diisoo ci seen
biir nu ñuy def ak Yeesu.

### *Yeesu tànn na fukki ndaw ak ñaar*

12 Fan yooyu la Yeesu dem ca kaw tund
wa ngir ñaani fa; mu fanaane faa ñaan ci
Yàlla.
13 Ba bët setee, mu woo ay taalibeem,
tànn ca fukk ak ñaar ñii, tudde leen ay
ndawam:
14 Simoŋ mi Yeesuy woowe itam Piyeer,
ak Àndre mi bokk ak Piyeer ndey ak
baay,
ak Yanqóoba ak Yowaan,
ak Filib ak Bartelemi,
15 ak Macë ak Tomaa,
ak Yanqóoba doomu Alfe,
ak Simoŋ mi ñuy wax Mbokki kuréelu
Moom-sa-réew ma,
16 ak Yuda doomu Yanqóoba,
ak Yuda Iskaryo may mujj wor.

### *Nekkinu tey, yoolub ëllëg*

17 Ci kaw loolu Yeesu ànd ak ñoom, wàcc,
daldi taxaw ca joor ga. Ay taalibeem yu
baree nga fa woon ak mbooloo mu bare:
ay niti Yude gépp, ak Yerusalem, ak Tir ak
Sidon, dëkki wetu tefes ga.
18 Ñu dikk, di ko déglu tey faju ba tàggook
seeni jàngoro. Ñi rab jàpp it, wér.
19 Mbooloo mépp a ko doon wuta laal
ndax leer guy bàyyikoo ca moom, di faj
ñépp.
20 Yeesu nag xool ay taalibeem, ne leen:
«Ndokkalee yeen ñi néewle,
nde nguurug Yàlla, yeenay boroom.
21 Ndokkalee yeen ñi xiif tey,
nde dingeen regg.
Ndokkalee yeen ñiy jooy tey,
nde dingeen ree.
22 Ndokkalee yeen, bu leen nit ñi bañee,
daggook yeen, saaga leen, sikkal seen der
ndax Doomu nit ki.
23 Bésub keroog, bégleen bay fecc ndax
seen yoolub ëllëg bu réy, nde noonu la
maami ñooñu daan def ak yonent ya.
24 Waaye wóoy ngalla yeen ñi barele,
ndax neexle ngeen ba noppi.
25 Wóoy ngalla yeen ñi regg tey,
ndax dingeen xiif ëllëg.
Wóoy yeen ñiy ree tey,
ndax dingeen tiislu, dingeen jooy.
26 Wóoy ngalla yeen, bu leen ñépp dee
waxal lu baax, ndax noonu rekk la maami
ñooñu daan jëfe ak yonenti caaxaan ya.

### *Soppleen seeni noon*

27 «Yeen ñi may déglu, dama ne, seeni
noon, soppleen leen, seeni bañ, defalleen
leen lu baax.
28 Ñi leen di móolu, yéeneleen leen lu
baax, ñi leen di soxore, ñaanalleen leen.
29 Ku leen talaata cib lex, dékkleen ko ba
ca des. Ku nangu seen mbubb mu mag,
buleen ko teree jëlaale seenub turki.
30 Képp ku leen ñaan, mayleen ko; ku
nangu seen yëf, buleen ko ko laaj.
31 Lu ngeen bëgg nit ñi defal leen ko nag,
nangeen leen ko defale noonu.
32 «Su dee ñi leen sopp doŋŋ ngeen sopp,
ana lu ngeen ci wara ame ab yool?
Bàkkaarkat yi sax, ñi leen sopp, sopp nañu
leen.
33 Te su dee ñi leen defal lu baax doŋŋ
ngeen defal lu baax, ana lu ngeen ci wara
yooloo? Bàkkaarkat yi it noonu doŋŋ lañuy
jëfe.
34 Te su dee ñi ngeen yaakaare ndelloo
doŋŋ ngeen lebal, ana lu ngeen ci wara
ame yool? Bàkkaarkat yi it, yaakaar
ndelloo lu mat sëkk moo tax ñuy lebalante.
35 Yeen kay, soppleen seeni noon,
defleen lu baax, lebleleen te baña yaakaar
ndelloo. Su boobaa seenub yool réy, ngeen
di doomi Aji Kawe ji, ndax moom de ñi
santadi te bon, moo leen di baaxe.
36 Ni seen Baay ame yërmande nag,
nangeen ni ame yërmande.
37 «Buleen di sikkal kenn, su boobaa
deesuleen sikkal. Buleen yeyale kenn ab
daan, ngir ñu bañ leena yeyale ab daan.
Baaleleen, ñu baal leen.
38 Mayeleen, ñu may leen; natt bu duun
bu ñu rokkos, yëngal, mu fees bay tuuru,
moom lees leen di nàddil ci seen mbubb.
Ndax natt bi ngeen di nattale, moom lees
leen di nattale.»

### *Ndimbal, koo tane*

39 Yeesu léebati leen, ne leen: «Ndax
gumba dina wommat gumba? Mbaa duñu
ànd tàbbi ci kàmb?
40 Taalibe sutul kilifaam, waaye bépp
taalibe bu jàng ba wàcc, day tollook
kilifaam.

41 «Ana looy xoole xatax bi ci sa bëtu
mbokk te gànj gi ci sa bëtu bopp gisuloo
ko?
42 Ana noo mane ne sa mbokk: "Mbokk
mee, xaaral, ma dindil la xatax bi ci sa
bët," te yaw ci sa bopp gànj gi ci sa bët,
gisuloo ko? Jinigalkat bi! Njëkkala dindi
gànj gi ci sa bët. Su boobaa dinga gis bu
baax xatax bi ci sa bëtu mbokk, ba dindil
ko ko.

## *Doom ja, ndey ja*

43 «Garab gu neex du meññ doom yu
naqari, te garab gu naqari it du meññ
doom yu neex.
44 Garab gu nekk, meññeefam lees koy
xàmmee. Ab dédd, deesu ci witte doomi
figg; ay dagg it, deesu ci jële doomi reseñ.
45 Nit ku baax, dencub ngëneel ba ca biir
xolam, ca lay jële lu baax la mu sàlloo; nit
ku bon it, dencub safaan ba ca biir xolam,
ca lay jële safaan ba mu sàlloo. Gémmiñ
daal, la fees xolu boroom lay wax.

## *Ñaari tabaxkat a ngi*

46 «Ana lu ngeen ma naa "Sang bi, Sang
bi," te jëfewuleen samay wax?
47 Képp ku ñëw ci man, dégg samay wax
te di ko jëfe, dinaa leen won nu muy mel.
48 Dafa mel ni nit kiy tabax kër, gas a gas
ba mu xóot, daldi samp fondmaa ca kaw
doj wa ca suuf. Mbënn ma dikk, wal ma
rëkk kër gaak doole te manu koo yëngal
ndax tabax bu wér ba ñu ko tabaxe.
49 Waaye ku dégg te jëfewoo, dangaa mel
ni nit ku tabax kër ci suuf, te amul
fondmaa. Wal maa koy rëkk ak doole, kër
ga jekki màbb, yàqu yaxeet.»

# 7

## *Njiitu takk-der ba yooloo na ngëmam*

1 Yeesu wax na kàddoom googu gépp,
askan way dégg, mu doora jàll biir
Kapernawum.
2 Foofa nag ab njiitu takk-der bu waa
Room a nga fa woon, ab jaamam woppoon
bay bëgga dee, te njiit la soppoon ko lool.
3 Ba njiit la déggee mbiri Yeesu, daa
yebal ñenn ca magi Yawuti dëkk ba ca
moom, ñaan ko mu dikk xettali jaamam.
4 Magi dëkk ba agsi ca Yeesu, tinu koo
tinu, ne ko: «Ki nu yebal ci yaw de, yelloo
na sa ndimbal,
5 ndax ku sopp sunuw xeet la, te sunu
jàngu bi sax, moo nu ko tabaxal.»
6 Yeesu daldi ànd ak ñoom. Naka la jubsi
kër ga, njiit la yóbbante ay xaritam
kàddoom, ñu gatandu Yeesu, ne ko: «Sang
bi, jarul ngay sonn, ndax sab tànk sama
biir kër, man yeyoowuma ko.
7 Moo ma la tee gatandul sama bopp,
ndax jàpp naa ne loolu jomb na ma. Waxal
genn kàddu rekk, sama surga wér.
8 Ndaxte man itam ci kilifteef laa tënku,
te it ay takk-der a ngi ci sama ndigal. Su
ma nee kii: "Demal," mu dem. Ma ne kee:
"Ñëwal," mu ñëw. Te sama jaam bu ma ne:
"Defal lii," mu def ko.»
9 Ba Yeesu déggee loolu daa yéemu ca
njiit la. Mu ne gees mbooloo ma topp ca
moom, ne leen: «Dama ne, gii ngëm gu réy,
bànni Israayil sax, gisuma ko ci.»
10 Ndaw ya daldi dellu ca kër ga, fekk
jaam ba wér.

## *Yeesu dekkal na doomu jëtun ba*

11 La ca tegu Yeesu demati dëkk ba ñuy
wax Nayin, ay taalibeem ak mbooloo mu
bare ànd ak moom.
12 Ba mu jubsee buntu dëkk ba, yemul ci
lu moy ab rob, ka dee di doomu jëtun, te
moom rekk la amoon. Niti dëkk ba def
mbooloo mu bare, ànd ak soxna sa.
13 Sang bi nag gis ko, ñeewante ko, ne ko:
«Bul jooy.»
14 Mu dikk ba teg loxoom ca jaat ga, ña
ko jàppoo taxaw. Mu ne: «Ngóor si, yaw
laay wax, jógal.»
15 Néew ba jóg toog, di wax, mu delloo ko
yaay ja.
16 Tiitaange nag jàpp ñépp, ñu sàbbaal
Yàlla, naan: «Yonent bu mag feeñ na ci
sunu biir!» te naan «Yàllaa wallusi
ñoñam!»
17 Coow loolu nag law ca mboolem
réewum Yawut ak mboolem fa ko wër.

## *Yeesu jàngale na ci mbirum Yaxya*

18 Ci kaw loolu taalibey Yaxya àgge
Yaxya loolu lépp. Mu woo ñaar ca taalibe
ya,

19 yebal leen ci Sang bi, laaj ko ne ko:
«Ndax yaw yaa di Ki wara ñëw, am keneen
lanuy séentu?»
20 Taalibe ya dikk ne Yeesu: «Yaxya moo
nu yebal, di la laaj ndax yaw yaa di Ki
wara ñëw, am keneen lanuy séentu?»
21 Waxtu woowa tembe nag Yeesu faj na
ñu bare, tàggale leen aki jàngoro aki jagadi
aki rab, silmaxa yu bare, mu baaxe leen,
ñuy gis.
22 Mu ne ndaw ya: «Li ngeen gis te dégg
ko, demleen àgge ko Yaxya. Silmaxa yaa
ngiy gis, lafañ yi di dox, gaana yiy wér, tëx
yiy dégg, néew yiy dekki, néew-doole yiy
dégg xibaaru jàmm bi*.
23 Ku xàccul sa péeteek man nag,
ndokkalee yaw.»
24 Ba ndawi Yaxya demee, Yeesu daldi
wax ak mbooloo ma ci mbirum Yaxya, ne
leen: «Lu ngeen seetaani woon ca màndiŋ
ma? Xanaa barax bu ngelaw liy yëngal?
25 Kon lu ngeen seetaani woon? Boroom
yére yu rafet? Waaye boroom yére yu yànj
yooyu te seen dund bakkane, ci këri buur
lañu dëkk.
26 Kon nag lu ngeen seetaani woon? Ab
yonent? Waawaaw, maa leen ko wax, te
wees na ab yonent sax.
27 Ci moom moomu lañu bindoon ne:
“Maa ngii di yebal sama ndaw, mu jiitu la,
xàllal la saw yoon.”†
28 Maa leen ko wax, li jigéen jur, kenn sutu
ci Yaxya. Waaye ki gëna tuut ci nguurug
Yàlla sax moo ko sut.»
29 Mboolem ña déglu Yeesu, ba ca
juutikat ya sax, dëggal nañu Yàlla, ndax
nangu nañoo sóobu sóobeb Yaxya.
30 Waaye Farisen ya ak xamkati yoon ya
ñoo gàntal la leen Yàlla nammaloon, ba
nanguwuñu Yaxya sóob leen ci ndox.
31 Yeesu neeti: «Ana kon ku may
niruleek niti tey jii? Ana ku ñuy nirool?
32 Ñu ngi nirook xale yu toog ca pénc ma
di awoonte, naan:
“Noo leen toxorool, fecculeen,
nu dëjal leen, jooyuleen.”
33 Ndaxte Yaxya daa feeñ, lekkul mburu,
naanul biiñ, ngeen nee: “Aw rab la àndal.”
34 Doomu nit ki ñëw, di lekk aka naan,
ngeen naay: “Kee fuqle, naan-katub biiñ
biiy xaritook juutikat yeek bàkkaarkat yi.”
35 Waaye xel mu rafet, mboolem la mu jur
mooy la koy dëggal.»

## *Yeesu gane na Simoŋ Farisen ba*

36 Kenn ca Farisen ya moo woo woon
Yeesu, ngir ñu bokk lekk. Yeesu agsi ca kër
Farisen ba, daldi dikk ca ndab la.
37 Ndeke sennas ndaw a nga ca dëkk ba,
ab moykat la woon. Mu yég nag ne Yeesoo
nga ca kër Farisen ba, di lekk. Mu dikk,
indaale njaqal doju albatar lu def lajkoloñ.
38 Mu dikk ba fa Yeesu sóonu, ca
gannaawam, fa tànki Yeesu féete, daldi
taxaw, di jooy, rongooñ ya tooyal xepp
tànk ya. Ndaw sa nag di fompe tànki Yeesu
kawaru boppam gay lang, di fóon tànk
yaak cofeel, di ca sotti lajkoloñ ga.
39 Farisen ba woo Yeesu nag gis loolu,
naan ci xelam: «Kii su doon ab yonent,
dina xam ndaw sii di ko nabb-nabbee ku
mu doon, ak lu mu doon: jigéenu moykat!»
40 Yeesu nag àddu, ne ko: «Simoŋ, dinaa
la wax lenn.» Mu ne ko: «Waxal, kilifa gi.»
41 Yeesu ne ko: «Ñaari boroom bor la
woon ak seenub leblekat. Boru kenn ka di
téeméeri junni (500 000) ci xaalis, ka ca des
fukki junni (50 000)‡.
42 Waaye ñoom ñaar ñépp, kenn manu
cee fey. Mu far jéggal leen ñoom ñépp. Ana
kan ci ñaar ñooñu nag moo ciy gëna fonk
leblekat bi?»
43 Simoŋ ne ko: «Xanaa ki ëpple lu ñu ko
jéggal.»
Yeesu ne ko: «Sab àtte jub na.»
44 Mu walbatiku ca ndaw sa, daldi ne
Simoŋ: «Gis nga ndaw sii de? Dugg naa sa
kër, mayewoo ndox mu ma jàngoo. Waaye
moom, ay rongooñam la tooyale samay
tànk, fompe ko kawaru boppam.
45 Fóonuloo ma, dalale ma, waaye moom,
ba ma duggsee ba léegi noppiwula fóon
samay tànk.
46 Ag diw, diwoo ko ci sama bopp, waaye
moom, lajkoloñ la diw ci samay tànk.
47 Moo tax ma di la wax, ne bàkkaaram
yu bare yi ñu ko jéggal moo waral

* **7.22** Seetal ci *Esayi* 35.5-6; 61.1. Muy kàdduy waxyu yu jëm ci Almasi bi. † **7.27** Seetal ci Malasi 3.1. ‡ **7.41** ***téeméeri junni:*** maanaam juróomi téeméeri dinaar; ***fukki junni:*** maanaam juróom fukki dinaar. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

fonkeelam gu bare. Waaye njéggal lu tuut,
fonkeel gu tuut rekk.»
48 Yeesu nag ne ndaw sa: «Jéggalees na la
say bàkkaar.»
49 Ci kaw loolu ña mu toogandool di
lekk, naan ci seen xel: «Kii mooy kan bay
jéggaley bàkkaar sax?»
50 Yeesu nag ne ndaw sa: «Sa ngëm
musal na la, demal ak jàmm.»

# 8

## *Jiwu wuute na ag muj*

1 Gannaaw loolu Yeesu di wër dëkkoo
dëkk bu mag ak bu ndaw, di waare, di
yégle xibaaru jàmm bu nguurug Yàlla, ànd
ak fukki taalibe yaak ñaar,
2 ñoom ak jigéen ñii mu fajoon, ba tàggale
leen ak rab aki jagadi: Maryaama mi ñuy
wax Magdala, ma ñu tàggaleek juróom ñaari
rab,
3 ak Saan jabaru Kusa, saytukatub
Erodd; ak Susaana, ak ñeneen jigéen ñu
bare ñu daan dimbalee ñoom Yeesu seen
alal.
4 Mbooloo mu baree daje woon, jóge
dëkkoo dëkk, fekksi Yeesu. Mu léeb leen, ne
leen:
5 «Boroom jiwu moo demoon jiwi. Naka
lay saaw ab toolam, ndeke lenn ca jiwu
maa nga tuuru ca kaw yoon wa, nit ñi
joggati ca, picc yi dikk, lekk ko.
6 Leneen wadde fu barey doj. Naka la
sax rekk, daldi wow, ndax ñàkk ndox.
7 Leneen la tuuru biiri xaaxaam,
jógandoo ak xaaxaam ma, mu tanc ko.
8 La des ca jiwu ma tuuru suuf su
nangu, daldi sax, ba meññal lu ko mat
téeméeri yoon.»
Ci kaw loolu Yeesu àddu ca kaw ne: «Ku
am nopp yu mu dégge kat, na dégg.»
9 Ay taalibeem laaj ko lu léeb woowu di
tekki.
10 Mu ne leen: «Yeen lañu may, ngeen
xam mbóoti nguurug Yàlla, waaye ñi ci des
ñoom, ci ay léeb lees koy dëxëñ, su ko defee:
“Ñuy xoole te duñu gis,
di déglu te duñu dégg*.”
11 «Lii la léeb wi di tekki. Jiwu wi moo di
kàddug Yàlla.
12 Ñi ci kaw yoon wi mooy ñi dégg.
Seytaane nag mooy dikk, foqati kàddu gi ci
seen xol, ngir ñu baña gëm ba mucc.
13 Ñi féete fu bare ay doj, ñoo dégg kàddu
gi, nangoo ko xol bu sedd. Waaye ñooñu,
ab reen lañu amul. Ab diir rekk lañuy gëm,
bu janti nattu dikkee, ñu dellu gannaaw.
14 Li tuuru ci ay xaaxaam mooy ñi déglu
kàddu gi, te ay xalaat ak alal ak bànneexu
bakkan fatt leen, ba tax meññaluñu lu ñor.
15 Li ci suuf su baax si nag, mooy ñi
dégge kàddu gi xol bu dëggu te rafet, ŋoy ca,
te saxoo muñ ba meññal.

## *Ab làmp du làqu*

16 «Deesul taal ab làmp, dëppe ko ndab,
mbaa nga dugal ko ci ron lal. Dees koy aj
ca kaw tegoom kay, ba kuy duggsi, di gis
muy leer.
17 Mboolem lu làqu dina feeñ, te
mboolem lu nëbbu dina siiw ba ne fàŋŋ.
18 Kon nag teewluleen ni ngeen di dégge.
Ku am, dees na ko dolli, waaye ku amul, la
mu xalaatoon ne am na ko sax, dees na ko
nangu.»

## *Déggal Yàllaa gën bokk ci waa kër Yeesu*

19 Yaayu Yeesu ak ay rakki Yeesu ñoo
dikkoon di seet Yeesu te manuñoo agsi ci
moom ndax nit ñu bare.
20 Ñu ne ko: «Sa yaay ak say rakk a ngi
taxaw ci biti, bëgg laa gis.»
21 Mu ne leen: «Sama yaay ak samay
rakk, ñoo di ñiy dégg kàddug Yàlla, te di ko
jëfe.»

## *Yeesu dalal na ngelaw li*

22 Benn bés la Yeesu duggoon gaal,
mook ay taalibeem. Mu ne leen: «Nanu jàll
ca wàllaa dex gi.» Ñu daldi dem.
23 Naka lañuy dem nag, Yeesu nelaw.
Ngelaw lu rëy dal ca kaw dex ga, gaal gi
fees ak ndox, ba ñu nara sànku.
24 Taalibe yi yee Yeesu, ne ko: «Njaatige,
njaatige, nu ngi sànku!»
Mu yewwu, gëdd ngelaw li ak gannax yu
rëy yi. Lépp dal, ne tekk.
25 Yeesu ne taalibe ya: «Ana seen ngëm?»
Ña nga boole tiitaange ak kéemtaan te naan
ca seen biir: «Kii nag moo di kan bay jox

* **8.10** Seetal ci *Esayi* 6.9-10.

ndigal ngelaw leek ndox mi sax, ñu déggal
ko?»

## *Yeesu faj na ku rab jàpp*

26 Ci kaw loolu ñu tëmb ba teereji ca
diiwaanu waa Serasa, fa jàkkaarloo ak
diiwaanu Galile.
27 Ba Yeesu wàccee ca tefes ga, jenn
waayu dëkk ba dikk dajeek moom. Waa ja,
ay rab a ko jàpp. Yàgg naa def yaramu
neen te dëkkul ci kër, xanaa sëg ya.
28 Ba mu gisee Yeesu, daa yuuxu, daanu
fa kanamam, daldi xaacu ca kaw ne: «Yaw
Yeesu Doomu Yàlla Aji Kawe ji, ana lu ma
joteek yaw? Dama lay sarxu, bu ma
mbugal!»
29 Booba Yeesu tàmbali naa sant rab wi,
mu génn waa ji. Rab wi jàpp na waa ji ay
yooni yoon. Su ko defee ñu yeewe ko ay
càllala, jéng ko, ngir wattu ko, mu di ko
dagg, rab wi di ko xabtal, jëme béreb yu
wéet.
30 Yeesu ne ko: «Noo tudd?» Mu ne ko:
«Gàngoor.» Ndax rab yu baree duggoon
waa ji.
31 Rab yi nag tinu Yeesu, ngir mu bañ
leena yebal ca xóote ba†.
32 Ag coggalu mbaam-xuux yu baree
nga woon foofa, di fore ca tund wa. Rab
ya tinu Yeesu, ne mu may leen, ñu dugg
mbaam-xuux ya. Mu may leen ko.
33 Rab ya nag génn nit ka, dugg
mbaam-xuux ya, coggal ga bartaloondoo,
tàbbi ca dex ga, daldi lab.
34 Sàmm ya gis la xew, daldi daw,
nettaliji ko waa dëkk ba, ak dëkk-dëkkaan
ya.
35 Nit ña riire ca, di seet la xew.
Naka lañu dikk ba ci Yeesu, yem ci nit ki
rab wi teqalikool, mu ànd ak sagoom, solu,
toog ca wetu Yeesu. Ñu daldi tiit.
36 Ña ko fekke woon nag, nettali leen na
boroomi rab ba jote wall.
37 Ci kaw loolu mbooloom diiwaanu
Serasa gépp ñaan Yeesu ngir mu jóge ca
seen biir te dem ndax tiitaange ju réy lu
leen jàpp. Naka la Yeesu dugg gaal, di dem,
38 nit ka teqalikook rab yi di ko sarxu
ngir ànd ak moom. Teewul Yeesu yiwi ko,
ne ko:
39 «Ñibbil, te nga xamle li la Yàlla defal
lépp.» Waa ja it dem di siiwal ca dëkk ba
bépp, la ko Yeesu defal lépp.

## *Yeesu faj na, dekkal na*

40 Ba Yeesu delloo ca wàllaa dex ga,
mbooloo maa ko teertu, ndax ñoom ñépp a
ko doon xaar.
41 Ci kaw loolu rekk jenn waay dikk, ku
ñuy wax Yayrus, di njiitu jàngu ba. Mu ne
gurub sukk ci tànku Yeesu, tinu ko ngir mu
ñëw këram,
42 ndax kenn la amoon ci doom, janq bu
am fukki at ak ñaar, te ma nga doon waaja
dee.
Yeesoo ngay dem, nit ña raj-rajloo, tanc
ko.
43 Sennas ndaw a nga ca woon, diiru
fukki at ak ñaar, ma ngay xëpp deret, te def
na ci alalam jépp, te kenn manu koo faj.
44 Mu doxe Yeesu gannaaw, teg loxoom
ca catu mbubbam, deret ja taxaw ca saa
sa.
45 Yeesu nag ne: «Ana ku ma laal?» Ku
nekk di miim. Piyeer ne ko: «Njaatige,
mbooloo mépp a la yéew, dar la.»
46 Teewul Yeesu ne: «Am na ku ma laal
kay, ndax yég naa leer gu bàyyikoo ci
man.»
47 Ndaw sa xam ne feeñ na. Mu daldi
dikk, di lox, ne gurub fa kanam Yeesu,
daldi wax ca kanam ñépp la waral mu teg
ko loxoom, ak na mu wére ca saa sa.
48 Yeesu ne ko: «Janq, sa ngëm a la faj.
Demal ak jàmm.»
49 Yeesoo ngay wax, noppeegul, jenn
waay jóge ca kër njiitu jàngu ba, dikk ne:
«Sa doom faatu na. Jaratul ngay yékkati
kilifa gi.»
50 Yeesu dégg ca, ne njiit la: «Bul tiit.
Gëmal rekk, mu daldi mucc.»
51 Bi Yeesu agsee ca kër ga, mayul kenn
ànd ak moom dugg, ku moy Piyeer, ak
Yowaan ak Yanqóoba ak baayu xale bi, ak
ndeyam.
52 Ñépp a ngay jooy aka tiislu janq bi.
Yeesu nag ne leen: «Buleen jooy. Janq bi
deewul, day nelaw rekk.»
53 Ci kaw loolu ñu di ko ñaawal, ndax
xamoon nañu xéll ne dee na.

† **8.31** Seetal ci *Peeñu ma* 20.2-3.

54 Yeesu itam jàpp ca loxol janq ba, daldi
àddu ca kaw, ne ko: «Janq, jógal.»
55 Noo ga délsi, mu ne ñokket. Yeesu ne
ñu may ko, mu lekk.
56 Waajuri xale bi nag waaru. Teewul
Yeesu dénku leen, ne leen bu ñu wax kenn
la xew.

# 9

## *Yeesu yebal na fukki taalibe yi ak ñaar*

1 Yeesu moo woo woon Fukk ñaak ñaar,
jox leen xam-xam ak sañ-sañu dàq
mboolem rab tey faj ay jàngoro.
2 Ci kaw loolu mu yebal leen ngir ñu
yégleji nguurug Yàlla tey faj jarag ji.
3 Mu ne leen: «Bu ngeen di dem, buleen
yóbbaale dara ngir fàggu yoon wi; du yet,
du mbuus, du aw ñam, du xaalis. Bu ci
kenn yor ñaari turki sax.
4 Kër gu ngeen dugg, fa ngeen di dal, ba
kera ngeen dem.
5 Fépp fu ñu leen dalalewul, génnleen
dëkk booba te ngeen faxas fa seen pëndub
tànk, seedeele leen ko seen ngàntal.»
6 Ñuy dem nag, di wër dëkkoo dëkk, di
yégle xibaaru jàmm bi, di faj jarag ji.
7 Ci kaw loolu Erodd boroom Galile dégg
mboolem la xew, boppam nag ubu, ndax
ñenn ñu noon Yaxya moo dekki, di Yeesu.
8 Ñee ne Ilyaas moo délsi, ñeneen ba tey,
ne kenn ca yonent yu njëkk yaa dekki.
9 Erodd daldi ne: «Yaxya, man maa doglu
boppam. Kon ki ma déggal jëf jii, mooy
kan?» Ba loolu amee mu di ko fexee gis.

## *Yeesu leel na mbooloo*

10 Ba ndaw ya délsee, dañoo nettali Yeesu
mboolem la ñu def. Mu ànd ak ñoomu neen
ba sore, ca wetu dëkk ba ñuy wax
Betsayda.
11 Teewul nit ña yég ne fa la dem, daldi
ko topp. Yeesu dalal leen, di leen wax ci
mbirum nguurug Yàlla, ña aajowoo am
paj, mu wéral leen.
12 Ba jant di sowat, Fukk ñaak ñaar dikk
ne Yeesu: «Yiwil mbooloo mi, ñu dugg ci
dëkk yu ndaw yii ak dëkk-dëkkaan yi ko
wër, ngir ñu gis lu ñu lekk ak fu ñu fanaan,
ndax fii àllub neen la.»
13 Mu ne leen: «Yeen, joxleen leen lu ñu
lekk.» Ñu ne ko: «Nun de amunu lu dul
juróomi mburu ak ñaari jën. Xanaa nu
dem, nun ci sunu bopp, jëndali mbooloo
mii mépp lu ñu lekk!»
14 Lu wara mat juróomi junniy (5 000)
góor a nga fa woon. Yeesu ne taalibe ya:
«Dangeen leen di toogal, ñu def géewi
juróom fukki nit.»
15 Ñu def noonu, toogal ñépp.
16 Ba mu ko defee Yeesu jël juróomi
mburu ya ak ñaari jën ya, xool kaw
asamaan, daldi yékkati kàddug cant, ba
noppi dagg mburu ya, jox taalibe ya, ngir
ñu taajal ko mbooloo ma.
17 Ñépp lekk ba regg, ba ñu yóbbu dog ya
ca des, mu tollu ci fukki pañe ak ñaar.

## *Piyeer xam na kuy Yeesu*

18 Yeesu moo beru woon, di ñaan, taalibe
ya feggook moom. Ci kaw loolu mu laaj
leen ne leen: «Ana ku nit ñi ne moom laa?»
19 Ñu ne ko: «Ñii nee ñu yaa di Yaxya;
ñee ne yaa di Ilyaas; ñale ne kenn ci
yonent yu njëkk yaa dekki, di yaw.»
20 Yeesu ne leen: «Yeen nag, ngeen ne
maay kan?» Piyeer ne ko: «Yaa di Almasib
Yàlla bi.»
21 Mu femmu leen nag, sant leen ñu bañ
koo wax kenn.
22 Mu neeti: «Fàww Doomu nit ki sonn lu
bare, ba dajeek mbañeelu magi askan wi
ak sarxalkat yu mag yi ak firikati yoonu
Musaa yi, te dees na ko rey, ba ñetteelu fan
ba, mu dekki.»
23 Yeesu nag wax leen ñoom ñépp, ne
leen: «Képp ku bëgga dikk topp ma, fàtteel
sa bopp, te nga gàddu bés bu nekk, bant bi
ñu lay daaj, door maa topp.
24 Ndax képp ku bëgga rawale sa bakkan,
yaay ñàkk sa bakkan, waaye képp ku ñàkk
sa bakkan ngir man, yaa musal sa bakkan.
25 Ndax nit ki, su jagoo àddina sépp sax,
te nara ñàkk bakkanam mbaa mu sànku,
ana lu mu koy jariñ?
26 Képp ku kersawoo sama jëmm,
kersawoo topp samay wax, yaw itam
Doomu nit ki dina la kersawoo, bés bu
dikkee ci darajaam ak darajay Baay bi, ak
darajay malaaka yu sell yi.
27 Maa leen ko wax dëy, ñenn a ngi taxaw
fii, duñu dee te gisuñu nguurug Yàlla.»

## *Leeru Yeesu jolli na*

28 Ba lu wara tollook juróom ñetti fan
wéyee gannaaw kàddu yooyu, Yeesu
àndoon na ak Piyeer ak Yowaan ak
Yanqóoba, ñu yéeg ca kaw tund wa ngir
ñaan.
29 Naka lay ñaan, xar kanamam soppiku,
ay yéreem weex tàll, di melax.
30 Ci kaw loolu ñaari nit jekki feeñ, di
waxtaan ak moom; ñuy Yonent Yàlla
Musaa ak Yonent Yàlla Ilyaas.
31 Ñoo feeñ ci ag leer, di waxtaane
dëddug Yeesu, ga mu doon waaja sottale fa
Yerusalem.
32 Booba ngëmment a ngay man Piyeer
ak ña mu àndal. Ba ñu teewloo nag lañu gis
leeru Yeesu, ak ñaar ña mu taxawal.
33 Ba ñu demee ba ñaari nit ñooñu di
bàyyikoo fa Yeesu, Piyeer ne ko: «Njaatige,
su nu toogoon fii de, mu baax ci nun; nan
yékkati ñetti mbaar, benn yaw, benn
Musaa, benn Ilyaas.» Waaye booba Piyeer
xamul la muy wax.
34 Naka lay wax loolu, aw niir dikk yiir
leen, taalibe ya tàbbi ca biir niir wa,
tiitaange jàpp leen.
35 Ci biir loolu baat jibe ca niir wa, ne:
«Kii moo di sama Doom, ki ma tànn;
dégluleen ko.»
36 Ba baat ba selawee, Yeesu doŋŋ a
feeñ. Taalibe ya nag ñoom ne cell, ca
jamono yooyu waxuñu kenn lenn ca la ñu
gis.

### *Yeesu fajati na ku rab jàpp*

37 Ca ëllëg sa ba ñuy wàcc ca tund wa,
mbooloo mu baree dikk dajeek Yeesu.
38 Jenn waay jekki xaacoo ca mbooloo
ma, ne: «Kilifa gi, dama lay ñaan, nga xoolal
ma sama doom, ndax moom doŋŋ laa am.
39 Rab kat moo ko jàpp, mu jekki di
yuuxu, di say, gémmiñ giy fuur. Daanaka
du teqalikook moom te sonal na ko.
40 Ñaan naa say taalibe ngir ñu dàqal ma
ko, waaye manuñu ko.»
41 Yeesu ne leen: «Céy niti tey, yeena
gëmadi te dëng! Maak yeen ba kañ, te di
leen muñal? Indi sa doom fii.»
42 Naka la xale bi jubsi Yeesu, rab wi
sànni ko ci suuf, muy say. Yeesu itam gëdd
rab wa, wéral xale ba, delloo ko baayam.
43 Ñépp nag waaru ci màggug Yàlla.

### *Yeesu xamlewaat na deewam ak ndekkiteem*

Naka la ñépp di yéemu ca mboolem la
Yeesuy def, mu ne taalibeem ya:
44 «Ubbileen seeni nopp te teewlu bu
baax kàddu yii: Doomu nit ki lees di wor
léegi, ngir teg ko ci loxoy nit ñi.»
45 Taalibe ya nag xamuñu kàddu googu,
ndax fekk na piri ma làqu leen, ngir ñu
bañ koo daj, te ñemewuñu koo laaj Yeesu.

### *Daraja réer na ku ko sàkku*

46 Werante moo dikkaloon taalibe yi,
ñuy seet kan moo gëna kawe ci ñoom.
47 Yeesu nag ràññee seen xalaat. Mu
daldi indi ab xale, taxawal ko ci wetam.
48 Mu ne leen: «Xale bii, képp ku ko dalal
ndax sama tur, man nga dalal; te képp ku
ma dalal, dalal nga ki ma yebal; ndax ki
gëna tuut ci yeen ñépp, kooku moo gëna
màgg.»
49 Ci kaw loolu Yowaan àddu, ne:
«Njaatige, danoo gis kuy dàq ay rab ci sa
tur, nu aaye ko, ndax bokkul ci nun.»
50 Yeesu ne ko: «Buleen ko aaye, ndax ku
la sotul, yaw la faral.»

### *Samari gàntal na Yeesu*

51 Ba ñu demee ba bés bi ñu wara yéege
Yeesu di jubsi, Yeesu moo dogu ngir dem
Yerusalem.
52 Mu yebal ay ndaw, ñu jiitu ko. Ñu
dem, ba agsi ab dëkk ci diiwaanu Samari,
nar ko faa waajal ab dal.
53 Waa Samari nag nanguwuñu koo
dalal, ndax Yerusalem ga mu nammoona
jëm*.
54 Taalibe ya ñuy wax Yanqóoba ak
Yowaan gis loolu, daldi ne: «Sang bi, soo
bëggee nu jox sawara ndigal, mu wàcce
asamaan, faagaagal leen?»
55 Teewul Yeesu geesu, femmu leen.
56 Ba loolu amee ñu jàll jëm beneen dëkk.

### *Gëmkatu Yeesu du xool gannaawam*

57 Ca yoon wa ñu awe la jenn waay ne
Yeesu: «Yaw laay topp fépp foo jëm.»
58 Yeesu itam ne ko: «Till akug kàmbam,
njanaaw akub tàggam, waaye Doomu nit
ki de, amul fu mu wéer boppam.»

* 9.53 Waa Samari ay nooni Israayil lañu woon.

59 Mu neeti keneen: «Toppal ci man.» Mu
ne ko: «Sang bi, may ma, ma njëkka dem
robi sama baay.»
60 Mu ne ko: «Bàyyil néew yi, ñu rob
seeni néew, waaye yaw demal, yégleji
nguurug Yàlla.»
61 Keneen neeti ko: «Sang bi, yaw laay
topp, waaye may ma, ma njëkka tàggatook
sama waa kër.»
62 Yeesu ne ko: «Képp ku tàmbalee gàbb
tey xool gannaawam, jekkoo ci nguurug
Yàlla.»

# 10

## *Yeesu yebal na juróom ñaar fukk ak ñaar*

1 Gannaaw loolu Sang bi tabb na yeneen
juróom ñaar fukki taalibe ak ñaar, yebal
leen, ñaar, ñaar, ñu jiituji ko ca mboolem
dëkk yaak gox, ya mu nammoona dem
moom ci boppam.
2 Mu ne leen: «Ngóob mee yaatu, te surga
yi néew. Kon nag ñaanleen Boroom ngóob
mi, ay surga yu mu yebal cim ngóobam.
3 Demleen! Xamleen ne maa leen yebal,
mbete ay mbote ci biiri bukki.
4 Buleen yóbbaale dencukaayu xaalis,
mbaa mbuus, mbaa yeneen carax, te
buleen taxaw di saafoonte ak kenn ci
yoon wi.
5 «Gépp kër gu ngeen dugg, njëkkleen ne:
“Jàmm ñeel na leen.”
6 Su fa nitu jàmm nekkee, seen jàmm dal
ko. Lu ko moy, mu délsi ci yeen.
7 Dalleen ca kër googa, di lekk aka naan
ca la ñu leen jox, ndax ku ñaq, jariñu.
Buleen di wër nag kër ak kër.
8 «Bépp dëkk bu ngeen dugg, ñu dalal
leen, la ñu leen taajal, lekkleen ko.
9 Wéral leen jaragi dëkk ba, te ngeen wax
waa dëkk ba, ne leen: “Nguurug Yàlla
dëgmal na leen.”
10 Waaye bépp dëkk bu ngeen dugg te
dalaluñu leen, demleen ca pénc ma te
ngeen ne leen:
11 “Seen pëndub dëkk bi ci sunu tànk sax,
nu ngi koy faxas, seedeele leen ko seen
ngàntal. Waaye nag xamleen ne nguurug
Yàlla dëgmal na.”
12 Maa leen ko wax, bu bés baa, boobu
dëkk, Sodom a koy gënu demin.
13 «Wóoy ngalla yeen waa Korasin, yeen
waa Betsayda it, wóoy ngalla yeen, nde
kéemaan yi ame fi seen biir, su doon fa waa
Tir mbaa fa waa Sidon la ame, kon bu
yàgg lañu doon sol ay saaku, toog ci
dóomu-taal, ngir tuub.
14 Moo tax it, kera àtte ba, waa Tir ak
Sidon a leen di gënu demin.
15 Yeen waa Kapernawum nag, ndax
dees na leen yékkati ba asamaan am déet?
Xanaa ba fa njaniiw kay ngeen di wàcci.
16 «Ku leen déggal nag, man nga déggal;
ku leen gàntal, man nga gàntal. Te ku ma
gàntal, gàntal nga ki ma yebal.»
17 Ba juróom ñaar fukk ñaak ñaar demee
ba délsi, mbégte lañu àndal. Ñu ne: «Sang bi,
rab yi sax, danu leen di jox ndigal ci sa tur,
ñu nangul nu.»
18 Yeesu ne leen: «Séen naa Seytaane mu
fàqe asamaan ni ag melax.
19 Dama ne, maa leen jox sañ-sañu joggi
ci kawi jaan aki jiit, joggati mboolem
dooley bañaale bi, te dara du leen mana
gaañ mukk.
20 Noonu leen rab yi nangule nag,
buleen ko bége, bégeleen kay la seen tur
binde fa asamaan.»
21 Ca waxtu woowa tembe la
kemtalaayu mbégte tukkee ci Noo gu Sell
gi, dugg Yeesu, mu daldi ne: «Baay,
Boroom asamaan ak suuf, sant naa la, nde
yaa làq lii boroom xam-xam yeek boroom
xel yi, xamal ko tuut-tànk yi, nde loolu de,
Baay, mooy li la soob.
22 Lépp la ma sama Baay dénk, te kenn
xamul kuy Doom ji, ku dul Baay bi; kenn it
xamul kuy Baay bi, ku dul Doom ji, ak
képp ku ko Doom ji namma xamal.»
23 Ci kaw loolu Yeesu walbatiku ca
taalibe ya, wax leen ñoomu neen, ne leen:
«Ndokkalee ñi seeni gët gis li ngeen gis.
24 Ndax maa leen ko wax, bare na ay
yonent ak buur yu bëggoona gis li ngeen
gis, te gisuñu ko, ak itam dégg li ngeen
dégg, te déggguñu ko.»

## *Texe am na yoon*

25 Benn xamkatub yoonu Musaa moo
jekki woon jóg, di fexee fiir Yeesu. Mu ne
ko: «Kilifa gi, ana lu may def, ngir texe ba
fàww?»

26 Yeesu ne ko: «Yoonu Musaa, ana lees ci
bind? Loo ci jànge?»
27 Mu ne ko: «Boroom bi sa Yàlla, nanga
ko soppe sa léppi xol ak sa léppi jëmm ak sa
léppi doole ak sa léppi xel, te ni nga soppe
sa bopp, nanga ko soppe sa moroom*.»
28 Yeesu nag ne ko: «Wax nga dëgg.
Noonu ngay def, daldi texe.»
29 Waa ja nag namma wutu lay, ne
Yeesu: «Sama moroom mooy kan?»
30 Yeesu neeti ko: «Jenn waay a jóge
woon Yerusalem, jëm Yeriko. Mu dajeek
ay sàcc, ñu futti ko, dóor ko, daldi dem,
bàyyi ko, muy waaja dee.
31 Yàlla woo yàlla, ab sarxalkat bu jaare
yoon woowa, séen nit ka, daldi teggi.
32 Jenn waay ju soqikoo ci giirug Lewi it
noonu; daa dikk ba tollu foofa, séen waa
ja, daldi teggi.
33 Jenn waay ju dëkk Samari nag doon
tukki, dikk ba jege waa ja, xool ko, yërëm
ko lool.
34 Mu dikk, sotti diw ak biiñ ca
gaañu-gaañu ya, lëmës ko. Ci kaw loolu mu
teg ko ci mbaamam, yóbbu ko ci ab
dalukaay, di ko toppatoo.
35 Ca ëllëg sa, mu yékkati ñaari poseti
xaalis†, jox ko boroom dal ba, ne ko:
“Toppatoo ko waa ji. Loo ci dolli, bu ma
dëppee, maa la koy delloo.”»
36 Mu teg ca ne ko: «Ñett ñii, kan nga
foog ne moo ci taxawu waa ja dajeek sàcc
ya, taxawaayu nit ak moroomam?»
37 Mu ne ko: «Xanaa ki ko defal
yërmande.» Yeesu nag ne ko: «Demal boog,
di defe noonu.»

## *Maryaama raw na Màrt*

38 Yeesu ak ay taalibeem ñoo toppoon
seenu yoon, ba tollook ab dëkk. Ba ñu
dikkee, sennas ndaw su ñuy wax Màrt,
ganale ko.
39 Ci kaw loolu rakkam ju ñuy wax
Maryaama toog ca wetu Sang bi, di déglu
kàddoom,
40 te fekk Màrt jàpp lool ca liggéeyu waañ
wa. Mu dikk ne Yeesu: «Sang bi, xanaa
gisoo sama rakk ji ma bàyyeek liggéeyu
waañ wi, man doŋŋ? Wax ci boog, mu
jàppale ma.»
41 Sang bi ne ko: «Màrt, Màrt, yitte yi nga
xintewoo, di ci doñ-doñi moo bare.
42 Ndaxam lenn doŋŋ a manula ñàkk.
Maryaama nag, cér bi gën la taamu, te
deesu ko nangu ci moom.»

# 11

## *Kàddug ñaan am na yoon*

1 Yeesu moo doon ñaan ci benn béreb. Ba
mu noppee, kenn ca taalibeem ya ne ko:
«Sang bi, jàngal nu ñaan, noonee Yaxya
jàngale ñaan ay taalibeem.»
2 Yeesu ne leen: «Bu ngeen dee ñaan, ne
leen:
Baay, nañu wormaal sa sellaayu tur,
na sa nguur dikk.
3 May nu bés ak bés sunub dundu bés bu
nekk.
4 Baal nu sunuy bàkkaar,
ni nuy baale nun itam, mboolem ñi nu
tooñ,
te bu nu dugal ci nattu.»
5 Yeesu teg ca ne leen: «Ana kan ci yeen
moo seeti ab xaritam xaaju guddi, ne ko:
“Xarit, lebal ma ci ñetti mburu.
6 Sama xarit bu nekk ciw yoon moo dikk
sama kër, te awma dara lu ma ko taajal,”
7 te xarit ba àddoo ca biir néegam, ne ko:
“Bu ma sonal, tëj naa ba tëdd, maak samay
doom; manumaa jóg, di la jox dara”?
8 Maa leen ko wax, su jógul jox ko la mu
laaj ndaxug xaritoo it, la ko kee amul
kersay yee ngir sàkku ndimbal mooy tax
mu jóg, jox ko mboolem lu mu soxla.
9 Moo tax ma ne leen, ñaanleen, ñu may
leen; seetleen, ndax ngeen gis; fëggleen, ñu
ubbil leen.
10 Ndaxte képp ku ñaan, dinga am; ku
seet, gis; ku fëgg it, dees na la ubbil.
11 Ana kan ci yeen mooy baay bu
doomam ñaan aw jën, mu jox ko jaan?
12 Mbaa mu ñaan ko nen, mu jox ko aw
jiit?
13 Ndegam yeen ñi bon yeena mana may
seeni gone lu baax nag, astamaak Baay ba
fa asamaan. Moo leen ko dàq fuuf, nde
mooy may Noo gu Sell gi, ñi ko ko ñaan!»

* **10.27** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 6.5; *Sarxalkat yi* 19.18. † **10.35** Benn poset bu ci nekk, benn dinaar la tollool, te moo doon peyooru benn bésub lëmm. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

## *Seytaane xeexul boppam*

14 Yeesu moo doon dàq aw rab wu
duggoon nit ba mu luu. Ba rab wa génnee,
luu ba wax, mbooloo ma waaru.
15 Teewul ñenn ca ñoom ne: «Ci
Beelsebul, buuru rab yi lay dàqe ay rab.»
16 Ñeneen nag di ko fiir, di sàkku ci moom
firnde ju bawoo ci asamaan.
17 Yeesu itam ràññee seen xalaat, ne
leen: «Gépp nguur guy xàjjalikoo ci biiram,
day tas, yii kër màbb ca kaw yee.
18 Seytaane itam, su xàjjalikoo ci biiram,
ana nu nguuram di yàgge, gannaaw yeena
ne Beelsebul laay dàqe ay rab?
19 Te it ndegam man Beelsebul laay dàqe
rab yi, seen ñoñ nag ñoom, kan lañuy dàqe
ay rab? Kon kay seen ñoñ a leen tiiñal.
20 Waaye su dee loxol Yàlla laay dàqe rab
yi nag, kon nguurug Yàlla agsi na ba ci
yeen.
21 «Su ponkal gànnaayoo ba diis, wattu
këram, alalam dina raw.
22 Waaye bu ko ku ko man songee, ba
daan ko, day nangu mboolem ngànnaay lu
mu yaakaaroon, ba noppi séddale alalam.
23 Ku farul ak man nag, man ngay xeex,
te ku àndul ak man di dajale, yaa ngi
tasaare.
24 «Aw rab, bu jàppee nit ba bàyyi ko, day
wër béreb yu fendi, di wut fu mu
noppaloo, te du ko gis. Su ko defee mu ne:
"Naa dellu ca sama kër ga ma jóge."
25 Bu dikkee fekk kër gi buube, defare
ba jekk,
26 day dem indi yeneen juróom ñaari rab
yu ko yées, ñu bokk sancsi. Su ko defee ni
nit kiy mujje mooy yées na mu jëkke.»
27 Naka la Yeesu di wax loolu, jenn
jigéen ca mbooloo ma àddu ca kaw, ne ko:
«Ndokkalee ki la ëmb ci biiram, nàmpal la ci
weenam!»
28 Moom nag mu ne ko: «Xanaa kay,
ndokkalee ñiy déglu kàddug Yàlla te di ko
jëfe.»

## *Yonent Yàlla Yunus doy na firnde*

29 Naka la mbooloo may gëna takku,
Yeesu ne: «Maasug tey jii, maas gu bon la.
Firnde lañuy wut, waaye deesu leen jox
jenn firnde ju moy firndey Yunus.
30 Ndax na Yunus nekke woon firnde ca
waa Niniw, noonu la Doomu nit ki nekke
firnde ci niti tey jii.
31 Keroog àtte ba, Lingeeru bëj-saalum
dina jóg, janook niti tey jii, tiiñal leen;
ndax moo bàyyikoo woon ca catal àddina,
ngir déglusi xam-xamu Suleymaan, te tey
jii, ku sut Suleymaan a ngi fi.
32 Waa réewum Niniw it keroog àtte ba
dinañu taxaw, layook niti tey jii, tiiñal leen
ndax ñoo tuube woon ca waareb Yunus, te
tey jii, ku sut Yunus a ngi fi.

## *Bët mooy làmpu yaram*

33 «Deesul taal ab làmp, di ko dugal fu
làqu, mbaa ci suufu leget. Dees koy aj ca
kaw tegoom kay, ba kuy duggsi gis muy
leer.
34 Bët mooy làmpu yaram. Su sa bët
wéree, sa yaram wépp ay fees ak leer,
waaye bu sa bët bonee, sa yaram wépp a
ngi ci lëndëm.
35 Kon seetal ndax leer gi nga foog ne
mu ngi ci yaw du ag lëndëm.
36 Bu sa yaram wépp nekkee cig leer nag
te amu ci lenn lu nekk cig lëndëm, su
boobaa la sa yaram di nekk ci leer ba ne
ràññ, mel ni bu la ab làmp niitee, ne ràññ
ci sa kaw.»

## *Yeesu xas na niti diine ñi*

37 Ba Yeesu waxee ba noppi, ab Farisen
da koo woo këram, ngir bokk ak moom
lekk. Mu nangu, dem ba duggsi, daldi toog
ca lekkukaay ba.
38 Farisen bi nag jaaxle, ndax la Yeesu
setluwul bala moo lekk.
39 Sang bi ne ko: «Yeen Farisen yi, bitib
kaas bi ak ndab li daal ngeen di raxas,
fekk li fees kaas baa ngi jóge ci ŋàppaaral
akug mbon!
40 Yeena ñàkk xel! Xanaa du ki sàkk biti
moo sàkk biir itam?
41 Li ci biir kay ngeen di sarxe! Su
boobaa seen lépp ay set.
42 Waaye wóoy ngalla yeen Farisen yi!
Xobi naana ak yeneen safal yu mel ni ru*
ak wépp xeetu lujum, yeena ngi ciy génne
cérub fukkeel, ngir asaka, njubte ak
cofeelu Yàlla nag, ngeen sàggane. Lii de

* **11.42** ***ru,*** gàncax la. Xob yi dees na ko togg, di ko fajoo.

war na leen, waaye lee it, waruleen koo
sàggane.
43 Wóoy ngalla yeen Farisen yi! Yeenay
sàkku toogu yu kaname ca jàngu ya, ak
nuyoob wegeel ca pénc ma.
44 Wóoy ngalla yeen, yeena ngi mel ni ay
bàmmeel yu amul xàmmikaay, nit ñiy dox ca
kaw te xamuñu ko.»
45 Kenn ci xamkati yoon yi nag àddu ne:
«Kilifa gi, loolu nga wax de, nun itam,
xasaale nga nu ci.»
46 Yeesu itam ne: «Yeen xamkati yoon yi
itam, wóoy ngalla yeen, yeen ñi sëf nit ñi
sëf yu ñu àttanul, te yeen ci seen bopp, seen
benn baaraam sax du ci laal.
47 Wóoy ngalla yeen, yeenay tabax
bàmmeeli yonent yi, te seeni maam reyoon
leen.
48 Kon yeena seedee noonu ne seen jëfi
maam ya, ànd ngeen ci, ndax ñoom ñoo
leen rey, yeen ngeen tabax seeni bàmmeel.
49 Looloo tax itam kàddug Yàlla giy xel,
biral ne: “Maay yebal fa ñoom ay yonent
aki ndaw, ñii ñu bóom, ñee, ñu
bunduxataal.”
50 Su ko defee yoon topp niti tey jii
deretu mboolem yonent yi tuuru, dale ko
ca ba àddina sosoo.
51 La dale ca deretu Abel ba ca deretu
Sàkkaryaa†, ma ñu rey ca diggante
sarxalukaay ba ak kërug jaamookaay ga,
maa leen ko wax déy, dees na ko toppe niti
tey jii.
52 Ngalla yeen xamkati yoon yi, yeena
sànk caabiy xam-xam; yeen dugguleen,
ñiy duggsi, ngeen tere leena dugg.»
53 Ba Yeesu génnee foofa, ca la Farisen ya
ak firikati yoonu Musaa ya tàmbalee
xabtalu ci kawam, di ko seetloo ay laaj ci
mbir yu bare,
54 di ko yeeru, tey wuta këf kàddu gu
rëcce ci gémmiñam, ngir tuumaal ko.

# 12

## *Yeesu aaye na jinigal*

1 Mbooloo ma nag mujj na dajaloo ba
mat ay junniy junniy nit, bay joggeente. Ci
biir loolu Yeesu tàmbalee wax, jëkke ko ci
ay taalibeem, ne: «Moytuleen lawiiru
Farisen ñi, te mooy jinigal.
2 Mboolem lu làqu dees na ko feeñal, te
lu umpe dees na ko xam.
3 Moo tax mboolem lu ngeen wax ci biir
lëndëm, dees na ko dégg ci bëccëg
ndarakàmm, te mboolem lu ngeen déey ci
néegu biir, dees na ko biral ci kawi taax.
4 «Maa leen ko wax, yeen samay soppe,
buleen ragal ñu manul lu wees rey seen
yaram, ndax gannaaw loolu dootuñu leen
manal lu ko raw.
5 Ma xamal leen nag ki ngeen wara
ragal: kiy rey ba noppi, am sañ-sañu sànni
sawara, kooku déy laa leen ne, ragalleen
ko.
6 Juróomi picci ramatu, xanaa jarul ñaari
dërëm doŋŋ? Moona Yàlla fàttewula geesu
menn ci ñoom.
7 Yeen nag seen kawari bopp sax,
waññees na lépp. Buleen ragal dara, nde
ndiiraanu ramatu, yeena ko gën.
8 «Te it maa leen ko wax, képp ku dëggal
fi kanam nit ñi, ne man nga féeteel, Doomu
nit ki itam dina dëggal fa kanam malaakay
Yàlla ya, ne moom nga féeteel.
9 Waaye ku weddi fi kanam nit ñi, ne
man nga féeteel, dees na weddi fa kanam
malaakay Yàlla ya, ne man nga féeteel.
10 Képp ku jëme kàddug safaan ci Doomu
nit ki, dees na la jéggal, waaye ku saaga
Noo gu Sell gi, deesu la jéggal.
11 «Bu ñu leen yóbboo ca jàngu ya, ca
kanam kilifa ya ak àttekat ya, buleen
jaaxle ci nan ngeen di yékkatee kàddug
layoo, ak luy doon seenu lay, mbaa lu
ngeen di wax,
12 ndax su boobaa Noo gu Sell gi moo
leen di xamal ca waxtu woowa la ngeen
wara wax.»

## *Yoolu Yàlla doŋŋ mooy alal*

13 Kenn ca mbooloo ma moo noon
Yeesu: «Kilifa gi, waxal ci sama mag, mu
jox ma sama wàll ci ndono li nu bokk.»
14 Yeesu ne ko: «Waa jii, kan moo ma fal
àttekat mbaa miraaskat ci yeen?»
15 Ci kaw loolu mu ne leen ñoom ñépp:
«Moytuleen wépp xeetu bëgge, ndax loo
barele barele, sa bakkan ajuwul ci sa
alal.»
16 Mu léeb leen nag, ne leen: «Nit la
woon ku woomle, te ab toolam nangu.

† **11.51** Seetal ci *2.Jaar-jaar ya* 24.20-22.

[17] Mu naan ca xel ma: “Nu may def nag?
Amatuma sax fu ma denc sama ngóob mi!”
[18] Ci kaw loolu mu ne: “Nii laay def:
samay sàq laay daaneel, daldi defaraat sàq
yu gëna mag, denc ci sama pepp ak
mboolem lu ma am.
[19] Su ko defee ci samam xel laa naan:
‘Céy sama waa ji, yaa ngeek alal ju bare ju
mana dem ay ati at; neel finaax, di lekk, di
naan aka bége.’ ”
[20] Yàlla nag ne ko: “Ñàkk xel! Guddig tey
jii, dees na jël sa bakkan. Kon li nga
waajal, ana kuy doon boroom?”
[21] «Kuy dajaleel boppam alal te
woomlewoo fa Yàlla, loolu mooy saw
demin.»

## *Ku gëm Yàlla, wóolu ko*

[22] Gannaaw loolu Yeesu ne ay
taalibeem: «Moo tax ma ne leen, buleen
seen bakkan jaaxal, ngir lu ngeen lekk, te
it buleen seen yaram jaaxal ngir lu ngeen
sol,
[23] ndax lekk gi, bakkan bee ko ëpp solo,
te koddaay li it, yaram wee ko ëpp solo.
[24] Seetleen ci baaxoñ: du ji, du góob,
amulub denc mbaa am sàq. Teewul Yàlla
di ko dundal. Yeen nag, ñaata yoon ngeen
gën picc yi!
[25] Ana kan ci yeen mooy jaaxle, di xalaat
a xalaat bakkanam ba mana yokk lu
tollook xef ak xippi ci àppam?
[26] Ndegam loolu gëna tuut sax moo leen
të, ana lu ngeen di xalaat ci leneen?
[27] «Seetleen ni tóor-tóor yiy saxe.
Doñ-doñiwuñu, ëccuñu, waaye maa leen ko
wax, Suleymaan ak darajaam jépp sax,
soluwul woon ni benn ci ñoom.
[28] Ndegam ñaxum tool miy dund tey, te
léegi ñu sànni ko cib taal, moom la Yàlla di
wodde nii kay, xanaa astamaak yeen?
Yeenaka néew ngëm!
[29] Yeen nag, buleen tiisoo lu ngeen lekk,
mbaa lu ngeen naan; te bu yooyu xalaat
ub seen bopp.
[30] Ndax loolu lépp, xeeti yéefari àddina,
ñoo koy tiisoo, te yeen, Baay bi xam na ne
soxla ngeen ko.
[31] Waaye tiisooleen nguuram, su
boobaa dees na leen ci dollil loolu.
[32] «Buleen ragal dara, yeen jur gu sew gi,
ndax seen Baay la soob, mu jagleel leen
nguur gi.
[33] Jaayleen seen alal, sarxe xaalis bi,
sàkkuleen mbuus yu dul ràpp, muy dencu
ëllëg bu dul jeex fa asamaan, fa ko sàcc dul
jege, max du ko yàq.
[34] Ndaxte fa sab denc nekk, sab xol it a
nga fa.

## *Teewlu war na*

[35] «Takkuleen te seeni làmp di tàkk.
[36] Melleen ni nit ñuy séentu seen njaatige
lu jóge céet, ndax bu dikkee ba fëgg bunt
ba, ñu daldi ko ubbil.
[37] Ndokkalee surga yooyu seen njaatige
dikk fekk ñu teewlu. Maa leen ko wax déy,
njaatige leey takku, toogal leen ba noppi
dikk, taajal leen, ñu lekk.
[38] Ndegam ba guddi ga xaajee la
njaatige la ñibbisi, ba fekk surga ya
teewloo noonu, am ba suuf seddee la, lu
mu ci mana doon, ndokkalee ñoom.
[39] Waaye lii de xamleen ko: boroom kër,
su xamoon wan waxtu la ab sàcc di ñëw,
du ko wacc moos, mu dàjjiy dugg këram.
[40] Kon yeen itam waajleen ba jekk, ndax
waxtu wu ngeen foogul, ci la Doomu nit ki
di ñëw.»
[41] Piyeer nag ne Yeesu: «Sang bi, ndax
nun doŋŋ nga léeb lii, am ñépp a ko
moom?»
[42] Sang bi ne ko: «Ana kan nag mooy
saytukat bu wóor te muus, ba njaatigeem
batale ko curgag këram, ngir mu di leen
jox seen njël ca ba muy jot?
[43] Ndokkalee surga bu njaatigeem dikk,
fekk ko muy doxale noonu.
[44] Maa leen ko wax déy, alalam jépp la ko
njaatige la di far dénk.
[45] Waaye su jawriñ ja nee ci xelam:
“Sama njaatige dikkagul léegi,” ba tax mu
tàmbalee dóor surga ya, góor ak jigéen, di
lekk aka naan, di màndi,
[46] su boobaa njaatige laay dikk bés bu
mu ko séenuwul ak waxtu wu mu foogul,
mbugal ko ba daggat ko, sédd ko ci añub
gëmadikat ñi.
[47] «Jawriñ jooju xam nammeelu
njaatigeem, te taxul mu waaj ko, ba jëfewu
ko, ay yetam dina bare.

48 Waaye jawriñ ji xamul nammeelu
njaatigeem, te teewu koo def lu yelloo ay
duma, yet yu néew lay am. Képp ku ñu jox
lu bare, dees na la topp lu bare. Képp ku
ñu dénk jópp, dees na la feyeeku lu ko ëpp.

### *Ngëm indi na féewaloo*

49 «Sawara laa taalsi ci kaw suuf, te
maaka bëggoon mu ne jippét xaat!
50 Am na nag sóobu gu ma wara sóobu,
waaye ndaw njàqare ci man li feek loolu
sottiwul.
51 Foog ngeen ne maye jàmm ci kaw suuf
moo ma indi? Déet kay. Maa leen wax lii,
xanaa ag féewaloo.
52 Gannaaw-si-tey, bu juróomi nit
bokkee genn kër, dinañu féewaloo; ñett
féewaloo ak ñaar, ñaar féewaloo ak ñett.
53 Baay dina féewaloo ak doomam ju
góor, doom ja féewaloo ak baayam; ndey
féewaloo ak doomam ju jigéen, doom ja
féewaloo ak ndeyam; ndey féewaloo ak
jabaru doomam, jabar ja féewaloo ak
goroom.»

### *Xam pirim jamono war na*

54 Yeesu neeti mbooloo ma: «Bu ngeen
gisee mu xiine sowu, dangeen dal naan:
“Taw baa ngi ñëw,” te noonu lay ame.
55 Bu ngelaw bawoo bëj-saalum, ngeen
ne: “Tàngaay wu metti lay doon,” te mooy
am.
56 Jinigalkat yi ngeen doon! Melow
asamaan ak suuf, man ngeen koo firi.
Xew-xewi janti tey jii nag, nu ngeen
umplee pireem?

### *Gaawala juboo ak sab jotewaale*

57 «Te itam lu leen teree ràññee lu jub,
yeen ci seen bopp?
58 Boo àndeek sab jotewaale, ngeen jëm
ca àttekat ba, fexeela jubook moom ci yoon
wi. Lu ko moy mu yóbbu la ci yoon, yoon
jébbal la ndawal buur, mu ne la ràpp tëj.
59 Ma ne la, doo fa génne mukk te
feyuloo lépp, ba ci poset bi gëna tuut.»

## 13

### *Ku tuubul, sànku*

1 Jamono jooju tembe la aw nit dikk,
àgge Yeesu mbirum waa Galile yu Pilaat
bóomoon, jaxase seen deret ak seen dereti
juru sarax yu ñu jagleel Yàlla.
2 Yeesu ne leen: «Foog ngeen ne waa
Galile yooyu dañoo gëna bàkkaar mboolem
seen bokki Galile ya ca des, ba tax ñu daj
mitit wu ni tollu?
3 Maa leen ne déedéet kay, te su ngeen
tuubul, noonu ngeen di sànkoo yeen ñépp.
4 Fukki nit ak juróom ñett ñooñu tata ja
ca Silowe daanu ci seen kaw, ba rey leen
nag, ngeen foog ne ñoo gën diy tooñkat ci
Yerusalem gépp?
5 Maa leen ne déedéet kay, te su ngeen
tuubul, yeen ñépp ay sànku ni ñoom.»
6 Mu léeb leen lii nag, ne leen: «Garabu
figg la nit amoon ci tóokëram. Mu dikk ngir
raas ko fekku ca dara.
7 Mu ne surga ba: “Ñetti at a ngii may
dikk, di raas garab gii, fekkuma ci dara.
Kon gor ko, da fiy xatal rekk.”
8 Surga ba ne ko: “Sang bi, bàyyiwaat ko
at mii rekk, ba ma wéex ko, def ci tos.
9 Jombul mu meññ déwén; lu ko moy,
nga gor ko.”»

### *Yeesu faj na nit bésub Noflaay*

10 Benn bésub Noflaay, Yeesu doon
jàngale ci ab jàngub Yawut.
11 Ndeke jenn jigéen a nga fa woon; rab a
ko woppal lu wara mat fukki at ak juróom
ñett, mu xuuge, manula fexe ba siggi.
12 Yeesu gis ko, woo ko, ne ko: «Jongama,
teqalikoo nga ak sa laago.»
13 Mu teg ko ay loxoom, mu siggi ca saa
sa, di sàbbaal Yàlla.
14 Njiitu jàngu ba nag yékkati kàddug
ñaawlu ndax bésub Noflaay ba Yeesu faje.
Mu ne mbooloo ma: «Juróom benni fan la
nit ñi wara liggéey. Kon ci fan yooyu ngeen
wara fajusi, waaye du ci bésub Noflaay.»
15 Sang bi ne ko: «Jinigalkat yi! Naaféq yi
ngeen doon! Xanaa du ci bésub Noflaay la
kenn ku nekk ci yeen di yiwee aw yëkkam
mbaa mbaamam ca gétt ga, ngir wëggi ko?
16 Jigéen jii di sëtub Ibraayma, te fukki at
ak juróom ñett a ngii Seytaane làggal ko,
ndax wareesu koo yiwi, teggil ko laago jii
ci bésub Noflaay?»
17 Ba mu waxee loolu, noonam yépp a
rus, mbooloo ma nag di bége mboolem jëf
ju yéeme, ja muy def.

### *Doomu fuddën misaal na nguurug Yàlla*

18 Yeesu neeti: «Ana lu nguurug Yàlla di nirool? Ana lu ma koy niruleel?
19 Mu ngi mel ni doomu fuddën bu nit jël, sànni cib toolam. Mu sax, màgg ba doon garab gu njanaaw yi tàgg ciy caram.»

### *Lawiir misaal na nguurug Yàlla*

20 Mu dellu ne: «Ana lu may niruleel nguurug Yàlla?
21 Mu ngi mel ni lawiir ju jigéen sàkk, def ko ci ñetti natti sunguf yu mag*, ba tooyal bépp mujj funki.»

### *Buntu texe xat na*

22 Yeesu mu ngi doon jaar ci ay dëkk yu mag ak yu ndaw, jëm Yerusalem, di jàngale ca yoon wa.
23 Mu am ku ko ne: «Sang bi, xanaa ñiy mucc ñu néew lay doon?» Mu ne leen:
24 «Góor-góorluleen ba dugge ci bunt bu xat bi, ndax maa leen ko wax, ñu bareey jéema dugg, waaye duñu ko man.
25 Bu boroom kër gi xasee jóg, ba tëj bunt bi, fa ngeen di doxe des ci biti, di fëgg naan: “Sang bi, ubbil nu!” Mu ne leen: “Xawma fu ngeen bokk.”
26 Su boobaa ngeen naan: “Noo daan bokk di lekk aka naan, te ci sunuy pénc nga daan jàngalee.”
27 Mu neeti leen: “Nee naa leen xawma fu ngeen bokk. Soreleen ma yeen ñépp, defkati njubadi yi!”
28 Foofa lees di jooye aka yéyoo ndax mitit, kera bu ngeen gisee seeni maam Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba ak yonent yépp ca biir nguurug Yàlla, te fekk yeen ci seen bopp, ñu dàq leen ca biti.
29 Penku ak sowu, bëj-gànnaar ak bëj-saalum, la aw nit di bawoo, dikk toog ca ndabal bernde la ca nguurug Yàlla.
30 Su ko defee nag, ñenn a ngi mujj tey, waaye ëllëg ñooy jiitu; te ñenn a ngi jiitu tey, waaye ëllëg ñooy mujj.»

### *Dees na tas Yerusalem*

31 Ca jamono jooju tembe la ay Farisen dikk, ne Yeesu: «Jógeel fii, te dem, ndax Buur Erodd da laa nara rey.»
32 Mu ne leen: «Demleen wax njomboor moomu, ne ko: “Maa ngii di dàq rab yi, di maye ag wér, tey ak ëllëg. Bésub ñetteel ba nag ma sottal.”
33 Waaye tey ak ëllëg ak sibir, fàww ma dem, ndax ab yonent wareesu koo bóome fenn fu dul Yerusalem.
34 «Yerusalem, Yerusalem, yaw miy bóom yonent yi, di sànni ay doj ñi ñu yebal ci yaw, ba ñu dee, ñaata yoon laa namma dajale say doom, uuf ni ganaar di uufe ay cuujam, te nanguwuloo?
35 Mu ngoog, waccees na laak sa kër nag, waaye maa ne la doo ma gisati ba kera jant ba nga naa: “Na barke wàcc ci ki dikk ci turu Boroom bi!”»

# 14

### *Yeesu jàngal na Farisen ya*

1 Benn bésub Noflaay la Yeesu reeri woon ca kër genn kilifag Farisen ya. Ñoom nag ñu di ko bàyyi xel bu baax.
2 Ndeke jenn waay a nga fa janook moom, yaram wépp a sadd.
3 Yeesu àddu, ne xamkati yoon yaak Farisen ya: «Waaw, pajum bésub Noflaay, ndax yoon maye na ko, am déet?»
4 Ñu ne cell. Yeesu teg waa ja loxo, wéral ko, daldi ko yiwi.
5 Mu ne leen: «Ana kan ci yeen la doomam mbaa aw yëkkam daanu cib teen, mu bañ koo daldi génne ci bésub Noflaay?»
6 Lu ñu ca teg nag të leen, ñu ne xerem.
7 Ci biir loolu Yeesu gis na gan ñay taamoo toogu yu kaname, mu léeb leen, ne leen:
8 «Bu la boroom xew woowee ci berndeg céet, bul wàllisi, ba tooge toogu ba gëna kaname, xamoo fu ku la sutu daraja di wuyusee boroom xew ma.
9 Su boobaa moom mi la woo, woo ko, mooy dikk, ne la: “Mayal kii, mu toog.” Nga am nag gàccey walbatiku toogi fa gëna gannaawe.
10 Bu ñu la woowee am xew kay, demal tooge fa gëna gannaawe, ba ka la woo dikk ne la: “Xarit, agsil ci kanam.” Su boobaa muy sa teraanga ci kanam mboolem ña nga bokkal bernde ja.
11 Ndaxte képp kuy réylu, dees na la toroxal, ka toroxlu lees di yékkati.»

* **13.21** ***ñetti natti sunguf*** mu ngi tollu ci 25 kilo.

12 Ci kaw loolu Yeesu ne waa ja ko woo
bernde: «Boo dee waajal bernde, añ mbaa
reer, bul woo say xarit, mbaa say doomi
ndey, mbaa say bokk, mbaa say dëkk yu
am alal, nde ñoom itam dañuy walbatiku,
woo la rekk, mu doon sag pey.
13 Boo dee waajal bernde kay, wool
néew-doole yi ak làggi yi, ak ñiy soox ak
silmaxa yi.
14 Su boobaa ndokkalee yaw, nde
amuñu sag pey, waaye dees na la fey, kera
ndekkitel aji jub ñi.»

## *Dàq sa teraanga, romb sa njariñ*

15 Kenn ca gan ña nag dégg loolu, ne
Yeesu: «Ndokkalee ku lekk ca bernde ja ca
nguurug Yàlla!»
16 Yeesu ne ko: «Jenn waay moo
waajaloon bernde ju mag, woo ca ñu bare.
17 Ba waxtuw lekk jotee, mu yebal ab
surgaam ca ña mu woo woon, ne leen:
"Ñëwleen, lépp sotti na léegi."
18 «Ñu tàmbalee gàntal nag ñoom ñépp. Kii
ne ko: "Ab tool laa jënd, te fàww ma xooli
ko. Dama lay ñaan rekk, nga jéggal ma."
19 Kee ne: "Ay lëkkey yëkk, ci laa jënd
juróom, damay dem nii, jéemloo leen ba
xam. Dama lay ñaan rekk, nga jéggal ma."
20 Kale ne ko: "Ab séet laay sooga takk,
looloo tax duma mana ñëw."
21 «Surga ba dellu, daldi koy àgge boroom
kër ga, njaatigeem. Mu mer, ne surga ba:
"Demal gaaw ca pénc yaak mbeddi dëkk
bi, te nga indi fii néew-doole yi, ak làggi yi
ak silmaxa yi ak ñiy soox."
22 «Surga ba dem ba délsi, ne ko: "Sang
bi, li nga santaane de def naa ko, waaye
kër gi feesagul."
23 Njaatige li ne ko: "Demal topp yoon
yi, leru ñag yi, te nga soññ nit ñi, ñu dikk
ba sama kër fees."
24 Maa leen ko wax, ñi ma woo woon ci
sama bernde ji, kenn du ci mos.»

## *Topp Yeesu am na lu mu laaj*

25 Yeesu moo doon dem, mbooloo mu
réy dar ko. Mu geestu ne leen:
26 «Képp ku ñëw ci man, te bañuloo sa
baay ak sa ndey, ak sa jabar, ak sa doom,
ak sa bokk yu góor, ak sa bokk yu jigéen,
bañuloo sa bakkanu bopp sax, doo mana
doon sama taalibe.
27 Képp ku gàdduwul sa bantu bopp bu ñu
lay daaj, te topp ci man, doo mana doon
sama taalibe.
28 Ana kan ci yeen sax mooy namma
tabax taaxum kaw, te njëkkula toog, waññ
la mu koy dikke, ngir seet ba xam ndax
am na lu ko àggale,
29 bala moo teg fondmaa taax ma, te
amul dooley sottal tabax bépp, ba ña koy
seetaan di ko ñaawal,
30 naan: "Waa jii moo tàmbalee tabax, te
manula àggale!"
31 Am ban buur mooy xarejeek beneen
buur te njëkkula toog, seet ba xam ndax
man naa ànd ak fukki junniy xarekatam,
ngir xarejeek ku ko songseek ñaar fukki
junniy xarekat?
32 Su ko manul nag, ba buur bee di
soreegum lay yebal kuréel ca moom, ngir
seet nu mu mana sàrtoo ak moom jàmm.
33 Naka noonu itam, kenn ci yeen du
mana doon sama taalibe te dëdduwul
mboolem lu mu am.
34 «Xorom déy baax na, waaye bu raxee
ba sàlli, ana lees koy safaleetee?
35 Jariñatul suuf, jariñatul ab tos. Ca biti
lees koy tuuri. Ku am nopp yu muy dégge
kat, na dégg.»

# 15

## *Sàmm bége na menn xaram mu feeñ*

1 Mboolem juutikat yeek bàkkaarkat yi
ñoo daan ñëw ci Yeesu, di ko déglu.
2 Ci biir loolu Farisen ya ak firikati
yoonu Musaa ya di ñurumtu naan: «Kii
moom bàkkaarkat yi lay neexool, di bokk
ak ñoom lekk!»
3 Yeesu nag léeb leen lii, ne leen:
4 «Ana kan ci yeen mooy am téeméeri xar,
réerle ci menn, te bàyyiwul ca àll ba juróom
ñeent fukki xar ya ak juróom ñeent (99),
ngir toppi ma réer, ba gis ko?
5 Bu ko gisee lay bég, teg ko ca mbagg
ma, yóbbu kër ga.
6 Te bu àggee ca kër ga, xarit yaak dëkk
ya lay woo, ne leen: "Kaayleen nu bége,
sama xar ma réeroon, gis naa ko!"
7 «Maa leen wax ne leen, bu benn
bàkkaarkat doŋŋ tuubee, noonu rekk lay

doone mbégte fa asamaan, ba raw mbégte
ma fay am, bu juróom ñeent fukk ak
juróom ñeenti nit jubee, te soxlawuñoo
tuub.

### *Jigéen bége na takkaayam lu feeñ*

8 «Te it ana jan jigéen mooy am fukki
libidoor, benn réer ca, te taalul ab làmp,
buub néeg ba, seet a seet, ba gis ko?
9 Bu ko gisee, xarit yaak dëkk ya lay woo,
ne leen: "Kaayleen nu bége, libidoor ba
réeroon, gis naa ko."
10 Maa leen wax ne leen, noonu rekk lay
doone mbégte fa malaakay Yàlla ya, bu
benn bàkkaarkat doŋŋ tuubee.»

### *Baay bége na doomam ju feeñ*

11 Yeesu neeti: «Nit a amoon ñaari doom
yu góor.
12 Ka gën di ndaw ne baay ba: "Baay, jox
ma cér bi ma yoon may ci sunu alal." Ba
loolu amee baay ba séddale leen alalam.
13 Ay fan yu néew gannaaw gi, ka gën di
ndaw jaay léppam, daldi tukki réew mu
sore, di topp bakkanam ba yàq fa alalam.
14 Gannaaw ba mu sànkee lépp, xiif bu
metti dikkal réew ma, mu daldi tàmbalee
ñàkk.
15 Ci kaw loolu mu dem, di surgawu ku
cosaanoo ca réew mooma, kooku yebal ko
ca ay toolam, muy sàmm ay mbaam-xuux.
16 Mu dem ba noon ngéeja lekk ca ñamu
mbaam-xuux ya, fajeb xiifam, te kenn
mayu ko ca.
17 Xel ma mujj délsi, mu ne: "Ñaata surga
la sama baay am, seen lekk ne gàññ, man,
ab xiif di ma rey fii!
18 Naa jóg, dem ca sama baay, ne ko:
'Baay, tooñ naa Yàlla, tooñ la;
19 yeyootumaa tuddoo sax sa doom;
léegi def ma ni ku bokk ci say surga.' "
20 «Mu jóg, ngir dellu kër baayam. Fu
sore la ko baayam séene, muy dikk. Mu
ñeewante ko, daw, laxasu ko, fóon ko.
21 Doom ja ne ko: "Baay, tooñ naa Yàlla,
tooñ la; yeyootumaa tuddoo sax sa doom."
22 Teewul baay ba ne ay surgaam:
"Gaawleen indi mbubb mi gëna rafet, solal
ko, te ngeen takkal ko ab jaaro ci loxoom,
solal ko ay dàll.
23 Indileen sëlluw yafal wa, rey, nu lekk,
te bànneexu;
24 ndax sama doom jii moo dee woon te
dekki na, moo réeroon te feeñ na." Ñu
daldi tàmbalee bànneexu.
25 «Loolaa nga fekk mag ja ca tool ya. Ba
mag ja dikkee ba jub kër ga, ca la dégg po
ma ak pecc ma.
26 Mu woo kenn ca xale ya, laaj ko lu
xew.
27 Mu ne ko: "Sa rakk jaa délsi, sa baay
rey sëlluw yar wa, ndax li mu délseek
jàmm."
28 «Mag ja nag mer, nanguwula agsi,
baayam génn, di ko soññ.
29 Mu àddu, ne baayam: "Seetal ñaata at
laa la liggéeyal, sa ndigal, masuma koo
moy, te man, masuloo maa may sax as tef
su nu bégloo, maak samay xarit.
30 Sa doom jii dikk, gannaaw ba mu
yàqee sa alal ci ay gànc, nga reyal ko sëlluw
yafal wi!"
31 Mu ne ko: "Doom, yaw de naka jekk
man nga nekkal, te mboolem lu ma am,
yaa ko moom.
32 Waaye mbégte ak bànneex war na,
ndax sa rakk jii moo dee woon te dekki na,
moo réeroon te feeñ na!"»

## 16

### *Saytukat bu dëng def na ag muus*

1 Yeesu neeti ay taalibeem: «Jenn waay
ju am alal la woon, ñu boole ko ak ab
saytukatam, ne ko day pasar-pasaree
alalam.
2 Waa ja woo ko, ne ko: "Li ma la déggal,
lu mu doon? Limal ma sag caytu, ndax
dootoo ma mana saytul."
3 «Saytukat ba nag ne ca xelam: "Nu may
def nag, gannaaw sama njaatigee ngi
nangu caytu gi ci man? Dem gàbbi? Awma
kàttanam. Yalwaani? Rus naa ko."
4 Gannaaw loolu mu ne "Xam naa ni
may def, ba su ma ñàkkee sama liggéey it,
dees na ma fat."
5 Mu daldi woolu kenn-kenn ña ameel
njaatigeem bor. Kii ñëw, mu ne ko: "Ñaata
nga ameel sama njaatige?"
6 Mu ne ko: "Téeméeri xàndiy diwu oliw."
Mu ne ko: "Sa kayit a ngii, toogal gaaw te
bind juróom fukk."
7 Kee, mu ne ko: "Yaw nag, ñaata nga ko
ameel?" Mu ne ko: "Téeméeri saakuy

pepp.” Mu ne ko: “Sa kayit a ngii, bindal
juróom ñett fukk.”
8 Njaatige li nag naw saytukat bu
njublaŋ boobu ca muus ga mu defe. Ndax
kat niti tey jii ñoo gëna muus doomi leer ñi,
ci ni ñuy doxale seen digganteek seeni
nawle.»
9 Yeesu teg ca ne: «Maa leen wax ne leen
alalu àddina ji làmboo njubadi, sàkkooleen
ko ay xarit, ngir bu alal ja jeexee, xarit
yooya fat leen ca dal yu sax ya.
10 Ku màndu ci lu néew nag, màndu ci lu
bare; ku jubadi ci lu néew it, jubadi ci lu
bare.
11 Kon su ngeen mànduwul ci alalu
àddina, alal ji dëgg, ana ku leen koy dénk?
12 Te su ngeen mànduwul ci alalu jàmbur,
ana ku leen di dénk seen alalu bopp?
13 «Ab jaamu kër nag manula jaamu
ñaari sang; day dëddu kii, sopp kee; mbaa
mu fonk kii, cof kee. Manuleena
jaamoondoo Yàlla ak alal.»
14 Farisen ñu bëgg xaalis ña nag dégg
loolu Yeesu wax lépp, ba noppi di ko
ñaawal.
15 Yeesu ne leen: «Yeen yeenay jub-jublu
ci kanam nit ñi, waaye Yàlla xam na seen
xol. Ndax li nit ñi gëna naw, lu seexluwu la
fa Yàlla.
16 «Yoonu Musaa wi ak waxi yonent yi la
woon ba kera ba Yaxya dikkee. Waaye ba
mu dikkee lañu yégle nguurug Yàlla, ñépp
di ci jéema dugge seen doole.
17 Waaye nag asamaan ak suuf raaf moo
gëna yomb genn maaska rote ci mbindum
yoonu Musaa.

### *Pase daganul*

18 «Képp ku fase sa jabar, takk keneen,
njaaloo nga; te ku jëkkëram fase, képp ku
ko takk, njaaloo nga.

### *Aji texeedi sàkku na yërmande*

19 «Jenn waay la woon ju bare alal, di sol
yérey tànnéef yu rafet, di dunde lu neex
bés bu set.
20 Ab baadoolo bu ñuy wax Lasaar nag
farala tëdd ci buntu kër waa ji, yaram wa
ne fureet aki góom,
21 te mu noon ngéeja fajeb xiifam lu
ruuse ci ndabal boroom alal bi. Rax ci
dolli xaj yiy dikk, di mar ay góomam.
22 «Ba baadoolo ba deewee, malaaka yi
yóbbu ko ba ca wetu Ibraayma. Boroom
alal ba itam dee, ñu rob ko.
23 Ci kaw loolu ñu dugal ko sawara. Ca
biir mbugal mu tar ma la dawale bëtam,
daldi séen fu sore Ibraayma ak Lasaar ci
wetam.
24 Mu xaacu ne: “Maam Ibraayma,
yërëm ma! Yebalal Lasaar, mu sëpp catal
baaraamam ci ndox, dikk seralal ma sama
làmmiñ, sawara sii metti na lool!”
25 Ibraayma ne ko: “Doom, fàttalikul ne,
na nga séddoo woon sa bànneex ca àddina,
noonu la Lasaar nekke woon aw tiis.
Waaye fii nag moo neexle, yaw nga mitile.
26 Bu loolu yépp weesoo itam, sunu
diggante ak yeen kàmb gu xóot a fi dox;
moo tax ku bëgga jóge fii jëm ci yeen, mbaa
mu jóge foofu jëmsi ci nun, du ko man.”
27 «Ci kaw loolu boroom alal ba ne: “Kon
nag maam, ngalla yebalal Lasaar ca sama
kër baay,
28 ndax sama juróomi rakk a nga fa. Na
leen artu, ngir ñu baña ñëw ñoom itam ci
bérebu mitit bii.”
29 Ibraayma ne ko: “Waaye ñoom am
nañu yoonu Musaa, am nañu téerey
yonent yi. Nañ leen déggal.”
30 Mu ne ko: “Loolu doyul, Maam
Ibraayma, waaye su kenn bàyyikoo ci ñi
dee, dem ba ca ñoom, dinañu tuub.”
31 Ibraayma nag ne ko: “Su ñu dégluwul
Musaa, dégluwuñu yonent yi kay, ku dekki,
bàyyikoo ci ñi dee sax du tax ñu gëm.”»

## 17

### *Bàkkaarloo nit aay na*

1 Yeesu neeti ay taalibeem: «Ag fiir guy
bàkkaarloo manula ñàkk, waaye wóoy
ngalla ka koy lal.
2 Ñu takkoon doj wu réy ci baatam, sànni
ko biir géej moo gën ci moom muy
bàkkaarloo kenn ci xale yii.
3 Wattuleen seen bopp.

### *Jéggalleen ku leen tuubal*

«Bu la sa mbokk tooñee, yedd ko. Bu
tuubee, baal ko.
4 Su la tooñoon juróom ñaari yoon ci bés
bi, te walbatiku juróom ñaari yoon, ne la:
“Tuub naa ko,” baal ko rekk.»

### *Ngëm maye na kéemtaan*

5 Ci kaw loolu ndaw ya ne Sang bi: «Yokk
nu ngëm.»
6 Sang bi ne leen: «Su ngeen amee ci
ngëm, lu tollu ni peppu fuddën, ba ne
garab gii: “Buddeekul, dem jëmbate ca géej
ga,” su boobaa garab gi déggal leen.

### *Ab jaam du sàkku jaajëf*

7 «Kan ci yeen la ab jaamam di beyi
mbaa mu sàmmi ba jóge tool, dikk, mu ne
ko: “Kaay, nu lekk”?
8 Xanaa kay da koy wax ne ko: “Defaral
sama reer, te takku, taajal ma, ba ma lekk,
naan, nga doora lekk, naan.”
9 Ndax la jaam ba jëfe ndigal a tax
sangam sant ko? Déedéet kay.
10 Yeen itam noonu. Bu ngeen defee li
ñu leen sant lépp ba noppi, dangeena war
ne: “Ay jaam rekk lanu. Sunu warugar
lanu def.”»

### *Yeesu faj na fukki gaana*

11 Ci biir yoon woowu Yeesu jëmoon
Yerusalem, ma nga jaare fa Samari ak
Galile digaloo.
12 Mu dem bay duggsi cib dëkk, fukki
gaana dikk, dajeek moom, ba dànd ko,
daldi taxaw. Ñu xaacu ne:
13 «Yeesu, Njaatige, yërëm nu!»
14 Yeesu nag gis leen, ne leen: «Demleen
seetluji seen yaram ca sarxalkat ya.»
Ba ñuy dem ca sarxalkat ya lañu wér,
seen yaram set.
15 Kenn ci ñoom gis ne wér na, daldi
walbatiku, di xaacuy sàbbaal Yàlla.
16 Mu dikk, ne gurub, dëpp jëëm fa tànki
Yeesu, sant ko. Waa ja nag nitu Samari la
woon.
17 Ba loolu amee Yeesu ne: «Xanaa du
fukk a wér? Juróom ñeent ña nag, ana ñu?
18 Amu ci kenn ku ñëw, delloo Yàlla
njukkal ku dul doxandéem bii!»
19 Yeesu nag ne ko: «Jógal dem; sa ngëm
faj na la.»

### *Nguurug Yàlla door na ba noppi*

20 Farisen yi ñoo laajoon Yeesu, ne ko:
«Kañ la nguurug Yàlla di dikk?» Mu ne
leen: «Dikkug nguurug Yàlla du ànd akum
ceetaan.
21 Deesul ne it: “Xoolleen, mu ngi!”
mbaa: “Ma ngee!” Ndax kat nguurug Yàlla
mu ngi ci seen biir.»
22 Mu ne taalibe ya: «Ay jamonoo ngi
ñëw yu ngeen naa ngéejoo fekke benn bés
ci bési Doomu nit ki, te dungeen ko fekke.
23 Te it, dees na leen ne: “Ma ngee!”
mbaa: “Mu ngii!” Buleen dem, buleen ca
topp.
24 Ndax ni melax di xuyye ci gii wetu
asamaan, ba ne ràññ ca gee, noonu la
Doomu nit kiy def keroog bésam.
25 Waaye balaa booba fàww Doomu nit
ki am coono yu bare, jànkoonteek diiŋatu
niti tey jii.
26 «Noonee mu deme woon ca jamonoy
Nóoyin, ni lay deme ca jamonoy Doomu nit
ki.
27 Nit ñaa nga doon lekk aka naan, di jël
jabar aka séyi, ba keroog bés ba Nóoyin
duggee ca gaal ga, mbënn ma dikk, sànk
ñépp.
28 «Noonee itam la deme woon ca
jamonoy Lóot. Nit ñaa nga doon lekk aka
naan, di jënd aka jaay, di jëmbat aka tabax.
29 Waaye bés ba Lóot génnee Sodom, la
tawub sawara ak tamarax wàcce ci
asamaan, sànk ñépp.
30 Noonu doŋŋ lay deme, bés bu Doomu
nit kiy feeñ.
31 «Bésub keroog boobee, ku mu fekk ci
kaw am taax, te say yëf ne ca biir kër ga,
bul wàcc, di ko jëli. Te ku mu fekk tool ba
itam, bul dellu.
32 Fàttalikuleen jabaru Lóot ja!
33 Képp kuy wuta rawale sa bakkan,
yaay ñàkk sa bakkan, waaye képp ku ñàkk
sa bakkan, yaay dund.
34 Maa leen ko wax: guddig keroog ñaar
ay bokk benn lal, kenn ki, ñu yóbbu ko, ka
ca des, ñu ba ko.
35-36 Ñaari jigéen di wolandoo, kenn ki,
ñu yóbbu ko, ka ca des, ñu ba ko.»
37 Taalibe yi ne Yeesu: «Loolu fan la, Sang
bi?» Mu ne leen: «Fu médd nekk, fa la tan
yay daje.»

## 18

### *Saxoo ñaan wareef la*

1 Yeesu dellu leen léeb lii, ngir ñu
wareefoo di sax ci ñaan te baña xàddi.

2 Mu ne: «Ab àttekat la woon cib dëkk;
ragalul Yàlla, yégul nit.
3 Ab jëtun a nga woon ca dëkk boobee.
Daan na ñëw ca moom, naan ko: “Àtte ma
ak sama jotewaale!”
4 Àttekat ba bañ na ay yoon, waaye
gannaaw gi mu ne ci xelam: “Ragaluma
Yàlla, yéguma nit,
5 waaye jigéen jii da maa lakkal; naa ko
àtte, bala moo dërr-dërri ba mujj jekkali
ma.”»
6 Sang bi teg ca ne: «Jàngatleen li àttekat
bu bon bi wax.
7 Kon ndax Yàlla man naa baña sàmm
àqu tànnéefam ñi koy woo wall guddi ak
bëccëg, xanaa di leen yeexe?
8 Maa leen ne, mooy sàmm seen àq ci lu
gaaw. Waaye bu Doomu nit ki dikkee,
mbaa dina fekk ngëm ci kaw suuf?»

## *Ag njub, bu ko boroom gis*

9 Yeesu léebati lii, ngir ñiy damoo seenug
njub, tey doyadal ñi ci des.
10 Mu ne: «Ñaari nit a ñaani woon ca kër
Yàlla ga. Kenn ki di ab Farisen, ki ci des dib
juutikat.
11 Farisen baa nga taxaw di yelu, naan:
“Yàlla, maa ngi lay sante li ma melul ni
ñeneen ñi fees ak ŋàppaaral, diy njublaŋ aki
njaalookat, rawatina juutikat bii.
12 Maa ngi woor ñaari yoon, ayu bés gu
nekk, di joxe asaka benn céru fukkeelu
mboolem lu ma am.”
13 «Juutikat ba moom, ma nga taxaw fu
sore, ñemewula siggi sax, xool asamaan,
xanaa di fëgg dënnam te naan: “Éy Yàlla,
yërëm ma, man bàkkaarkat bi.”»
14 Yeesu teg ca ne: «Maa ne leen, kooku
moo ñibbaale këram àtteb ku jub, waaye du
Farisen ba. Ndaxte képp kuy réylu, dees na
la toroxal, waaye ki toroxlu lees di
yékkati.»

## *Tuut-tànk am na cér*

15 Doon naññu indil Yeesu ay tuut-tànk
sax, ngir mu teg leen ay loxoom. Taalibe
ya gis loolu, di leen jànni.
16 Yeesu nag woolu xale yi, ne:
«Bàyyileen xale yi, ñu ñëw fi man, buleen
leen aaye, ndax ñu mel ni ñoom ñoo yelloo
nguurug Yàlla.
17 Maa leen ko wax déy, képp ku baña
nangul nguurug Yàlla ni ab xale, doo ca
tàbbi mukk.»

## *Dëddu lépp, topp Yeesu jafe na*

18 Kenn ci njiiti Yawut yi moo laajoon
Yeesu, ne ko: «Kilifa gu baax bi, ana lu may
def ngir texe ba fàww?»
19 Yeesu ne ko: «Lu tax nga naa ma ku
baax ki? Kenn baaxul ku moy Yàlla doŋŋ.
20 Xam nga ndigal yi: “Bul njaaloo, bul
bóom, bul sàcc, bul seede lu dul dëgg,
teralal sa ndey ak sa baay.”»
21 Mu ne ko: «Loolu lépp, ba may ndaw
laa ko dale sàmm ba tey.»
22 Yeesu dégg loolu, ne ko: «Lenn rekk
nga deseleeti. Mboolem loo am, jaay ko,
séddale ko néew-doole yi. Su ko defee nga
woomle fa asamaan. Boo noppee, ñëwal
topp ci man.»
23 Ba waa ji déggee loolu, am na tiis wu
réy, ndax barele woon na lool.
24 Yeesu gis loolu, daldi ne: «Boroom alal
tàbbi ci nguurug Yàlla, ndaw lu jafe!
25 Boroom alal tàbbi ci nguurug Yàlla de,
giléem jaare bën-bënu puso moo ko gëna
yomb.»
26 Ña cay dégg nag ne: «Ku mana mucc
nag?»
27 Yeesu ne leen: «Li të nit, tëwul Yàlla.»
28 Piyeer daldi ne: «Nun de, noo ngii,
dëddu la nu amoon, topp la.»
29 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax déy,
amul kenn kuy dëddu kër, mbaa jabar,
mbaa mbokk, mbaa waajur, mbaa doom,
ngir nguurug Yàlla,
30 te jotaatul lu ko ëpp ay yooni yoon, ci
jamonoy tey jii, akug texe ba fàww, ëllëg.»

## *Yeesu baamooti na coono yi koy xaar*

31 Yeesu nag yóbbu Fukk ñaak ñaar,
wéetook ñoom, ne leen: «Noo ngii jëm
Yerusalem, te mboolem lu yonent yi
bindoon ci mbirum Doomu nit ki dina
sotti.
32 Ndax dees na ko jébbal jàmbur ñi dul
Yawut, dees na ko ñaawal, saaga ko, tifli ko.
33 Dinañu ko caw, rey ko; ba ca ñetteelu
fan ba, mu dekki.»
34 Waaye taalibe ya, ñoom, xamuñu dara
ci jooju wax, ndax mbóotu kàddug Yeesu
gaa leen làqu, ba tax ñu umple la mu wax.

### *Yeesu faj na silmaxa*

35 Ba Yeesu di jubsi dëkk ba ñuy wax
Yeriko, ab silmaxaa nga toogoon ca peggu
yoon wa, di yalwaan.
36 Silmaxa ba dégg mbooloo may romb,
mu daldi laaj lu mu doon.
37 Ñu ne ko Yeesum Nasaret moo fa
jaare.
38 Ci kaw loolu mu àddu ca kaw ne:
«Yeesu, Sëtub Daawuda, yërëm ma!»
39 Ña jiitu femmu ko, ngir mu noppi.
Teewul mu gëna xaacooti, ne: «Sëtub
Daawuda, yërëm ma!»
40 Yeesu nag taxaw, ne ñu indil ko ko. Ba
mu dikkee, mu laaj ko, ne ko:
41 «Ana loo bëgg ma defal la ko?» Mu ne
ko: «Xanaa may gis, Sang bi.»
42 Yeesu ne ko: «Gisal! Sa ngëm faj na la.»
43 Ca saa sa muy gis, daldi topp ci Yeesu,
di sàbbaal Yàlla. Mbooloo mépp gis loolu, di
sant Yàlla.

## 19

### *Yeesu dal na ak bàkkaarkat ba*

1 Gannaaw loolu Yeesu dugg ca biir
Yeriko, jaar ca biir dëkk ba, di dem.
2 Ndeke jenn waay a nga fa, di kilifag
juutikat bu bare alal, ñu di ko wax Sase.
3 Mu bëgga gis nag kuy Yeesu, te
mbooloo ma tax manu koo gis, ndax
ndaama la woon.
4 Ci kaw loolu Sase daw, jiituji, daldi
yéeg ci genn garab ca yoon woowu Yeesu
wara jaare, ngir mu man koo gis.
5 Yeesu dikk ba tollu foofa, téen ne ko:
«Sase, wàccal gaaw, ndax sa kër laa wara
dali tey jii.»
6 Sase daldi wàcc gaaw, bége koo dalal
lool.
7 Ñépp gis loolu, di ñurumtu naan
bàkkaarkat bi la Yeesu dem këram, dal ak
moom.
8 Sase nag taxaw ne Sang bi: «Sang bi,
ma ne, sama genn-wàllu alal, jox naa ko
néew-doole yi, te jépp alal ju lewul ju ma
masa jëlal kenn, dinaa fey ñeentam.»
9 Yeesu ne ko: «Bés niki tey, mucc dikkal
na kër gii, ndax waa jii kat ci askanu
Ibraayma la bokk, moom itam.
10 Ndax Doomu nit ki, ñi réer la seetsi,
ngir musal leen.»

### *Ndénkaane aw sas la*

11 Naka la nit ña dégg loolu, Yeesu léebati
leen, ndax booba jege na Yerusalem, te
fekk na ñu foog ne nguurug Yàlla day daldi
teew ca saa sa.
12 Moo tax mu ne: «Boroom juddu bu réy
la woon. Muy waaja dem réew mu sore,
ngir ñu fal ko fa buur, mu doora ñibbisi.
13 Ci biir loolu mu woo fukki surgaam,
jox leen ku nekk benn posetub wurus bu
gànjare, ne leen: “Liggéeyleen ci, ba ma
ñibbisi.”
14 Waaye waa réewam ña dañu koo
bañoon. Ci gannaawam lañu yónni ndaw,
ne: “Kii, bëgguñu muy sunu buur.”
15 «Gannaaw ba ñu ko falee buur, ba mu
délsi, daa woolu surga ya mu joxoon
wurus wa, ngir xam ñaata la leen ca seen
liggéey jural.
16 Kenn ka dikk, ne ko: “Sang bi, sa poset
ba jur na fukki poset.”
17 Mu ne ko: “Jaaraamaa, surga bu baax
bi. Gannaaw ci lu tuut nga wóore nag,
falul ci fukki dëkk.”
18 Keneen dikk, ne: “Sang bi, sa poset ba
indi na juróomi poset.”
19 Mu neeti kooka: “Yaw, falul ci juróomi
dëkk.”
20 Keneen dikk ne: “Sang bi, sa poset
baa ngii ma fasoon ciw sekkit.
21 Dama laa ragal, ndaxte ku néeg nga.
Dangay foqati loo dénkaanewul woon, di
dajale loo jiwuloon.”
22 Mu ne ko: “Say wax laa lay àttee,
surga bu bon bi! Xamoon nga ne nit ku
néeg laa, di foqati lu ma dénkaanewul
woon, di dajale lu ma jiwuloon.
23 Lu la tee woona dénkaaneji sama alal
ca dencukaay ba, ngir bu ma dikkee jot ko,
boole ca tonoom?”
24 «Ci kaw loolu mu ne ña fa taxawoon:
“Nanguleen poset bi ci moom, jox ko
boroom fukki poset yi.”
25 Ñu ne ko: “Sang bi, kee ngeek fukki
poset ba noppi!”
26 Mu ne: “Ma ne leen, képp ku am, dees
na ko dolli, waaye ku amul, la mu am as
néew sax, dees na ko nangu.
27 Sama noon yooyu bëggul woon ma
doon seen buur nag, indileen leen fii, te
rendi leen ci sama kanam.”»

### *Yeesu dugg na Yerusalem*

28 Ba Yeesu waxee loolu ba noppi, ca la
jiitu, jëm Yerusalem.
29 Ba Yeesu dikkee ba jub dëkk ya ñuy
wax Betfase ak Betani, ca wetu tund wa
ñuy wax tundu Oliw ya, dafa yebal ñaar ca
taalibe ya,
30 ne leen: «Demleen ci dëkk bi ci kanam.
Bu ngeen agsee, dingeen fa gis cumbur bu
yeewe, bu kenn masula war. Yiwileen ko,
indi.
31 Bu ñu leen nee: "Lu tax ngeen di ko
yiwi?" ne leen: "Boroom bee ko soxla."»
32 Ba ndaw ya demee, na leen ko Yeesu
waxe lañu ko gise.
33 Naka lañuy yiwi cumbur ba, ay
boroomam ne leen: «Lu tax ngeen di yiwi
cumbur bi?»
34 Ñu ne: «Boroom bee ko soxla.»
35 Ñu indil Yeesu cumbur bi, sànni seeni
yére ca kawam, daldi ci waral Yeesu*.
36 Naka la Yeesuy dem, nit ñi di ko lalal
seeni yére ca yoon wa.
37 Ba ñu jubsee Yerusalem, bay wàcce ca
mbartalum tundu Oliw ya, mbooloom
taalibe mépp la mbégte jàpp, ñu tàmbalee
sàbbaal Yàlla ca kaw ndax kéemaan ya ñu
gis.
38 Ña nga naan:

«Na barke wàcc ci buur bi dikk ci turu
Boroom bi!
Jàmm fa asamaan; daraja fa béreb ya gëna
kawe!»

39 Yenn Farisen ya woon ca mbooloo ma
nag ne Yeesu: «Kilifa gi, yeddal sa taalibe
yi!»
40 Mu ne: «Maa leen ko wax, su ñii noppi
woon, doj yi ñooy xaacu.»
41 Ba Yeesu jubsee ba séen dëkk ba, jooy
na ndax moom.
42 Mu ne: «Céy yaw itam, boo xamoon
bésub tey jii li lay may jàmm! Waaye fii mu
ne, làqu na say gët.
43 Ay bés a ngi dikk ci sa kaw, keroog say
noon a lay gawe ab sëkk, yéew la, tance la
wet gu nekk.
44 Ñoo lay nappaaje ci suuf, yaak say
doom yi ci sa biir, te duñu bàyyi doj ci kaw
doj ci sa biir, ndax ba sa bésub wall dikkee,
yaa ko ràññeewuloon.»

### *Yeesu jàngale na ca kër Yàlla ga*

45 Gannaaw loolu Yeesu dugg ca kër
Yàlla ga, daldi dàq ña fay jaaye.
46 Mu ne leen: «Bindees na ne: "Sama kër
gi, kërug ñaan la†," waaye yeen, moom
ngeen def rawtub sàcc!»
47 Yeesu nag di jàngale bés bu nekk ca kër
Yàlla ga. Ba mu ko defee sarxalkat yu mag
yaak firikati yoonu Musaa ya, ñook njiiti
xeet wa, di ko fexee rey.
48 Waaye xamuñu nu ñuy def, ndax ñépp
a ko doon déglu, teewlu ko lool.

## 20

### *Diiŋat nañu sañ-sañu Yeesu*

1 Mu am bés bu Yeesu doon jàngal askan
wi ca kër Yàlla ga, di xamle xibaaru jàmm
bi. Sarxalkat yu mag ya ak firikati yoonu
Musaa ya ne jalañ, ñook magi askan wa.
2 Ñu ne ko: «Wax nu, lii ngay def, ci ban
sañ-sañ nga koy defe, mbaa kan moo la jox
boobu sañ-sañ?»
3 Yeesu ne leen: «Ma laaj leen man itam
lenn, waxleen ma,
4 sóobeb Yaxya ci ndox, ndax asamaan la
ndigal la bawoo, am ci nit ñi la bawoo?»
5 Ñu diisoo ci seen biir, daldi ne: «Su nu
nee: "Asamaan la ndigal la bawoo," da
naan lu tax kon gëmuleen Yaxya?
6 Te su nu nee: "Ci nit ñi la ndigal li
bawoo," mbooloo mépp a nuy sànni ay
xeer, ndax wóor na leen ne Yaxya ab
yonent la woon.»
7 Ñu daldi ne ko: «Xamunu fu mu ko jële.»
8 Yeesu ne leen: «Kon man itam duma
leen wax ci ban sañ-sañ laay defe lii.»

### *Beykat ya def nañu lu ëpp*

9 Ci kaw loolu Yeesu léeb askan wa lii, ne
leen: «Jenn waay moo jëmbatoon ab tóokëru
reseñ, batale ko ay beykat, daldi dem yoon
wu yàgg.
10 Ba tóokër ba ñoree, mu yebal ca beykat
ya ab surga, ngir ñu jox ko wàllam ca
meññeef ma. Beykat ya dóor surga ba, ba
noppi dàq ko, mu dellu loxoy neen.

* **19.35** ***cumbur:*** ci jamonoy jàmm, jamono yu xeex amul woon, buur yi daan nañu war mbaam, te doonul lu ñu leen di tuutal. † **19.46** Seetal ci *Esayi* 56.7.

11 Mu dellu yónni beneen surga, ñu dóor
ko moom itam, toroxal ko, dàq ko, mu
dellu loxoy neen.
12 Mu dellooti yónni ñetteelu surga,
kooku it, ñu gaañ ko, sànni ko ca biti.
13 «Boroom tóokër ba ne: “Nan laay def
nag? Naa yónni sama doomu bopp ji ma
sopp boog, xanaa moom, dinañu ko rus!”
14 Teewul ba beykat ya gisee doom ji,
dañu ne ci seen biir: “Kii mooy donn;
nanleen ko rey, su ko defee ndono li
féeteek nun.”
15 Ba loolu amee ñu génne ko tóokër ba,
rey ko.»

«Ana nu boroom tóokër biy def beykat yi
nag?
16 Xanaa dikk, rey beykat yooyu, dénk
tóokëru reseñ ba ñeneen.» Nit ña dégg loolu
daldi ne: «Yàlla tere!»
17 Yeesu ne leen jàkk, daldi ne: «Kon nag
lii ñu bind, lu muy tekki?

“Doj wi tabaxkat yi beddi woon,

moo mujj di doju koñu tabax bi*.”
18 Woowu doj, képp ku ci dal, dammatoo,
te ku mu dal, rajaxe la.»

19 Firikati yoonu Musaa yaak sarxalkat
yu mag ya nag, ca saa sa lañu doon fexee
teg Yeesu loxo, ndax xamoon nañu xéll ne
ñoo moom léeb woowu, waaye nit ña lañu
ragal.

## *Buur ak jagleem, Yàlla ak jagleem*

20 Ba mu ko defee ñu bàyyi Yeesu xel,
daldi yebal ay yeerukat, sas leen ñu
yiw-yiwlu te di ko fiir ci kaw kàddu ba jàpp
ko, ngir jébbal ko boroom dëkk bay
boroom kilifteef ga ak sañ-sañ ba.
21 Yeerukat ya dikk ne Yeesu: «Kilifa gi,
xam nanu ne njub ngay wax, di ko jàngale.
Te doo gënatle itam, waaye ci kaw dëgg
ngay jàngalee yoonu Yàlla.
22 Ndax yoon maye na, nu fey Buur
Sesaar galag, am déet.»
23 Teewul Yeesu ràññee seen pexe. Mu
ne leen:
24 «Joxleen ma ab posetub dinaar, ma gis.
Nataal bi ak tur wi ci binde, kuy boroom?»
Ñu ne ko: «Sesaar.»
25 Mu ne leen: «Kon kay yëfi Sesaar,
joxleen ko Sesaar; te yëfi Yàlla, ngeen jox
ko Yàlla.»
26 Manuñu koo fiir ba jàppe ko menn
mbir ca kanam mbooloo ma, xanaa
waaru ca tontam, ba wedam.

## *Sadusen ya fiirati nañu Yeesu*

27 Ñenn ci Sadusen, yi weddi ne
dee-dekki am na, ñoo dikkoon ca Yeesu.
Ñu ne ko:
28 «Kilifa gi, Musaa da noo bindal ne ku
góor, su ku mu bokkal waajur faatoo te
amul ak jabaram doom, na jël jabaram,
ngir amal mbokkam ma dee, kuutaay.
29 Léegi juróom ñaari góor ñu bokk ndey
ak baay la woon. Taaw ba am jabar,
gannaaw gi mu faatu, te bàyyiwul doom.
30 Tofo ba,
31 ak ñaareelu tofo ba, ku ci nekk donn na
ndaw sa ca magam, ñu topplantee ko
noonu, ba juróom ñaar ñépp dee te amuñu
ca doom.
32 Gannaaw gi, ndaw sa it dee.
33 Ndaw si nag, keroog ndekkite la, kan
la ciy doon jabaram, gannaaw juróom ñaar
ñépp a ko jëloon jabar?»
34 Yeesu ne leen: «Ci àddina sii la góor ñi
ak jigéen ñi di séy.
35 Waaye ña ñu yeyale ndekkitel ëllëg,
yeyale leen bakkan ci àddina siy ñëw,
ñooñu, su boobaa, kenn du ci am jabar
mbaa jëkkër.
36 Dootuñu mana dee it, ndax niy
malaaka lañuy mel. Ay doomi Yàlla lañuy
doon, ndax da leen di fekk dekki.
37 Te Musaa ci boppam xamle na ne ñi
dee dañuy dekki, na ko téere indee ca
mbirum ngarab sa†. Mooy ba mu woowee
Boroom bi: “Yàllay Ibraayma, Yàllay
Isaaxa, Yàllay Yanqóoba.”
38 Kon moom du ñi dee lay seen Yàlla,
xanaa ñiy dund, ndax fa moom, ñépp a ngi
dund.»
39 Ci kaw loolu ñenn ca firikati yoon ya
àddu ne ko: «Dëgg nga wax, Kilifa gi!»
40 Gannaaw loolu ñemeetuñu koo laaj
dara.

## *Almasi bi sët la, Sang la*

* **20.17** Seetal ci *Taalifi cant* 118.22. † **20.37** Seetal ci *Mucc ga* 3.2-6.

41 Yeesu neeti leen: «Nees mana waxe ne Almasi bi, sëtub Daawuda la?
42 Daawuda ci boppam moo ne ci téereb Taalifi cant:
“Boroom bi daa wax sama Sang:
‘Toogeel sama ndijoor,
43 ba ma def say noon sa ndëggastal‡.’ ”
44 Gannaaw Daawudaa woowe Almasi bi “Sang bi,” nu mu nekke ab sëtam?»
45 Yeesu nag wax ak ay taalibeem, askan wépp di dégg. Mu ne:
46 «Moytuleen firikati yoonu Musaa yi taamoo jaagar-jaagareek seen mbubb yu réy, di sàkku nuyoob wegeel ca pénc ma, ak toogu yu kaname ca jàngu ya, ak péetey teraanga ca bernde ya.
47 Ñooy saax-saaxee alalu jëtun ñi tey ñaan ñaani ngistal yu dul jeex. Ñooñu la seen mbugal di gëna tar.»

# 21

## *Sarax néew na te ëpp yool*

1 Ci kaw loolu Yeesu xoolaat, daldi gis boroom alal yi, ñuy dugal seen sarax ca ndaal kër Yàlla ga.
2 Mu gis itam ab jëtun bu néew doole, mu def ca ñaari poseti xànjar*.
3 Yeesu ne: «Maa leen ko wax dëy, jëtun bu néew doole bii, ñii ñépp, moo leen ëpple lu mu joxe.
4 Ndax ñii ñépp, la ñu woomle, ca lañu sompe, sànni ci boyetu sarax bii; waaye moom ci biir ag ñàkkam la jël mboolem ab dundam, sànni ci.»

## *Yerusalem tas, Doomu nit ki délsi*

5 Mu am nag ay nit ñu doon wax ca kër Yàlla ga, ak taaru doji tànnéef ya, ak yeneen alali sarax ya ñu ko rafetale. Yeesu itam ne leen:
6 «Lii ngeen gis nii, ay jant a ngi ñëw yu fi doj dootul des ci kaw doj, lépp ay tas.»
7 Ñu laaj ko ne ko: «Kilifa gi, loolu kañ lay doon? Ak luy doonub takk buy xamle ne looloo ngi waaja dikk?»
8 Yeesu ne: «Moytuleen, ngir ñu bañ leena nax, ndax ñu bareey dikk, tuddoo sama tur, naan: “Man a,” te naan: “Waxtu wi jege na.” Buleen leen topp.
9 Bu ngeen déggee ay xare aki salfaañoo, buleen tiit, ndax fàww loolu njëkka am. Waaye du doonagum muj ga, ca saa sa.»
10 Mu neeti leen: «Aw xeet dina jógal aw xeet, am réew jógal am réew.
11 Ay yëngu-yënguy suuf yu réy dina am, ay xiif aki mbas dikke fu bare, te xew-xew yu raglu dina am, ak firnde yu mag yu jóge asamaan.
12 Waaye laata loolu lépp, yeen, dees na leen teg loxo, fitnaal leen, jébbal leen kuréeli jàngu ya, tëj leen kaso. Dees na leen yóbbu ci kanami buur aki boroom dëkk ndax sama tur,
13 ngir ngeen doxe ca yékkati kàdduy seede.
14 Kon nag defleen bu baax ci seen xel, ne waruleena waajal kàddug layoo.
15 Ndax man maa leen di may làmmiñ wu ànd ak xel wu seen benn noon dul mana dàq mbaa di ko weddi.
16 Pexe mu leen jàpplu dina sababoo sax ci seeni waajur ak seen doomi ndey ak seeni jegeñaale ak seeni xarit, te dees na reylu ñenn ci yeen.
17 Te it ñépp a leen di bañ ndax sama tur.
18 Waaye sa genn kawar sax du ruus.
19 Saxooleen muñ nag, daldi mucc.
20 «Bu ngeen gisee gàngooru xare gu gaw Yerusalem, su boobaa xamleen ne tasteem dëgmal na.
21 Su boobaa ña mu fekk ca diiwaanu Yude, nañu daw jëm kaw tund ya; ñi ci biir dëkk bi, nañu daw génn; te ña mu fekk ca tool ya, buñu duggsi ci biir dëkk bi.
22 Ndax jamonoy mbugal lay doon, ngir sottal mboolem lu ñu bindoon.
23 Wóoy ngalla jigéeni wérul ña, ak ñay nàmpal ca bés yooyu! Ndax tiis wu réy lay doon ci réew mi ak am sànj ci kaw askan wii.
24 Dinañu leen faate ñawkay saamar, te dees na leen jàpp njaam, yóbbu ci mboolem xeet yi. Te jàmbur ñi dul Yawut ñooy dëggaate Yerusalem, ba kera àppu ñooñu dul Yawut di mat.
25 «Ay firnde dinañu feeñ ci jant bi ak weer wi ak biddiiw yi. Ci kaw suuf njàqare ak tiitaange mooy ñeel xeet yi ndax riirum géej gi ak gannax yi,

‡ **20.43** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1. * **21.2** Mooy posetub lepton. Seetal *Xaalis* ci Leeral yi.

26 nit ñiy séentu li nara dikkal àddina, di
xëm ndax tiitaange, nde dooley asamaan
dina sàqi.
27 Su boobaa dees na gis Doomu nit ki di
ñëw ciw niir, ànd ak manoore ak daraja ju
réy.
28 Bu xew-xew yooyu tàmbalee sotti nag,
taxawleen te siggi, ndax seenug njot
dëgmal na.»
29 Ci kaw loolu Yeesu léeb leen ne leen:
«Xoolleen garabu figg mbaa geneen garab.
30 Bu ngeen gisee mu jebbi, ca ngeen di
xamal seen bopp ne nawet jubsi na ba
noppi.
31 Bu ngeen gisee xew-xew yooyu sotti,
noonu itam ngeen di xame ne nguurug
Yàlla dëgmal na.
32 «Maa leen ko wax déy, niti tey jii† duñu
wéy mukk, te loolu lépp sottiwul.
33 Asamaan ak suuf dina wees, waaye
samay wax du wees mukk.
34 «Moytuleen naan gu ëpp ak màndite ak
xalaati àddina wayadiloo leen, lu ko moy
bés ba jekki dal ci seen kaw,
35 ndax ni mbaal di bettee, noonu la bés
bay jekkee dal ci kaw mboolem ñi ci kaw
suuf.
36 Teewluleen boog, tey ñaan saa su
nekk, ba mana mucc ci mboolem looluy
nara xew, ngir ngeen taxaw fi kanam
Doomu nit ki.»
37 Bés bu nekk nag Yeesoo nga doon
yendoo jàngale ca kër Yàlla ga, bu guddee
mu fanaani ca kaw tund wa ñuy wax
tundu Oliw ya.
38 Mbooloo mépp a daan jëlu, fekki ko ca
kër Yàlla ga, ngir déglu ko.

# 22

## *Njiiti yoon yi fexeel nañu Yeesu*

1 Màggalu Mburu mu amul lawiir, te ñu
di ko wax bésub Mucc, moo jubsi woon.
2 Ci biir loolu sarxalkat yu mag ya ak
firikati yoonu Musaa ya di seet nu ñuy
fexee ba rey Yeesu, waaye dañoo ragaloon
nit ña.
3 Seytaane nag dugg Yuda mi ñuy
woowe Iskaryo te mu bokkoon ca Fukk
ñaak ñaar.
4 Yuda daldi diisooji ak sarxalkat yu
mag ya ak kilifay wattukati kër Yàlla ga,
ngir xam nan lay tege Yeesu ci seeni loxo.
5 Ñu am ca mbégte, digook moom, ngir
jox ko xaalis.
6 Yuda nangu, di wut nag yoon wu mu
jekkoo Yeesu, ba wor ko, fu mbooloo ma
teewul.

## *Yeesu tàggoo na*

7 Ci kaw loolu bésu màggalu Mburu mu
amul lawiir agsi, ñu war caa rendi gàttub
bésub Mucc.
8 Yeesu yebal Piyeer ak Yowaan ne leen:
«Demleen, waajalal nu bésub Mucc bi, ba
nu reeri.»
9 Ñu ne ko: «Foo bëgg nu waaje ko fa?»
10 Mu ne leen: «Bu ngeen di dugg ca dëkk
ba rekk, dingeen dajeek waa ju yenu
njaqas ndox. Toppleen ko ba ca biir kër ga
mu jëm,
11 te ngeen ne boroom kër ga: “Kilifa gi
nee: Ana néegu gan, fi may reere reeru
bésub Mucc, maak samay taalibe?”
12 Kooku moo leen di won néegub kaw
bu yaa bu ñu defar ba noppi. Foofa ngeen
di waajale.»
13 Ba ñu demee, noonee leen ko Yeesu
waxe, na lañu gise lépp. Ñu daldi waajal
reeru bésub Mucc ba.
14 Ba waxtuw reer jotee, Yeesu toog ak
ndaw ya,
15 ne leen: «Yàkkamti woon naa lool
bokk ak yeen reeru bésub Mucc bii, bala
maa tàbbi coono.
16 Ndax maa leen ko wax, dootuma ko
reer mukk, ba keroog solos reer bi di sotti
ca nguurug Yàlla.»
17 Ci kaw loolu mu jël ab kaas, yékkati
kàddug cant, daldi ne: «Jëlleen kaas bii, te
ngeen séddoo ko.
18 Ndax maa leen ko wax,
gannaaw-si-tey dootuma naan ndoxum
reseñ, ba kera nguurug Yàlla dikk.»
19 Gannaaw loolu mu jël mburu, yékkati
kàddug cant, dagg, jox leen ko ne: «Lii moo
di sama yaram wi ñu joxe ngir yeen.
Deeleen def lii, di ma ko fàttalikoo.»
20 Kaas ba itam noonu la def ak moom
gannaaw reer ba, ne leen: «Kaas bii mooy

† **21.32 *niti tey jii:*** seetal ci *Màrk* 8.38.

kóllëre gu yees gi fasoo ci sama deret ji
nara tuuru ngir yeen.
21 Waaye nag ki may wor, loxoom a ngi
ci ndab lii nu bokk.
22 Doomu nit ki déy, ni ñu ko dogale,
noonu lay deme, waaye wóoy ngalla ki
pexe mi ñu koy wore di jaare.»
23 Ci kaw loolu taalibe yi di laajante ci
seen biir, kan ci ñoom moo nar jooju jëf.

24 Ab werante itam dikkal leen, ñuy
xëccoo ci seen biir ku wara gëna kawe ci
ñoom.
25 Yeesu nag ne leen: «Buuri xeeti àddina
doole lañuy nguuroo ci seen kaw, teewul
ñi leen di néewal doole, baaxekati nit ñi
lañu leen di woowe.
26 Yeen nag bumu deme noonu ci seen
biir. Ki gëna kawe ci yeen, na mel ni moo
gën di ndaw, te njiit li, na mel ni ab surga.
27 Ki ñu taajal ndab li, ak surga bi ko
taajal, ana ku ci gëna kawe? Xanaa du ki
ñu taajal? Moonte man, ci seen biir laa
tooge toogaayu surga!
28 Yeen nag yeenay ñi des ak man ci
sama biir coono.
29 Man itam ni ma sama Baay dénke
nguur, ni laa leen koy dénke.
30 Yeenay lekk aka naan ca sama ndab,
ca sama nguur, te yeenay toog ci ay
gàngune, di jiite fukki giiri bànni Israayil ak
ñaar.»
31 Yeesu neeti: «Simoŋ, Simoŋ! Seytaane
kat mu ngi sàkku ab sañ-sañ ngir man
leena jéri ni am pepp.
32 Waaye man tinul naa la, ngir sa ngëm
baña giim. Yaw nag boo waññikoo, nanga
dooleel sa bokki gëmkat.»
33 Piyeer ne ko: «Sang bi, jekk naa ci ànd
ak yaw kaso ak ci ànd ak yaw dee.»
34 Yeesu ne ko: «Piyeer, maa la ko wax,
bala ganaar a sab tey jii, dinga jàmbu ñetti
yoon, ne xamuloo ma.»

35 Yeesu neeti leen: «Ba ma leen yebalee
te du dencukaayu xaalis, du mbuus, du
carax yu ngeen yóbbaale, ndax ñàkk ngeen
dara?» Ñu ne ko: «Déedéet.»
36 Mu ne leen: «Léegi nag képp ku am
dencukaayu xaalis, na ko jël, ku am
mbuus it, na ko jël; ku amul saamar, na
jaay mbubbam, jënde saamar.
37 Ndax maa leen ko wax, li ñu bind ne,
“Mook defkati mbon yi lañu boole ab àtte,”
fàww mu am ci man, te loolu jëm ci sama
mbir mu ngi sottisi.»
38 Ñu ne ko: «Sang bi, ñaari saamar a ngi
fi.» Mu ne leen: «Doy na.»

### *Yeesu ñaan na ca tundu Oliw ya*

39 Ci kaw loolu Yeesu génn, jëm ca tundu
Oliw ya, na mu ko baaxoo woon, taalibe
ya topp ko.
40 Ba mu agsee ca béreb ba, da ne leen:
«Ñaanleen, ngir baña tàbbi cig fiir.»
41 Ba loolu amee mu dànd leen lu tollook
saanu xeer, daldi sukk, di ñaan.
42 Mu ne: «Baay, su dee sa coobare, bii
kaas bu fees ak wextanu coono, ngalla
teggil ma ko. Moona, bumuy sama
coobare nag, waaye yaw, na sa coobare
am.»
43 Malaaka mu bawoo asamaan daldi
koy feeñu, dooleel ko.
44 Njàqare nag jàpp Yeesu, mu gënatee
tënku ci kàdduy ñaanam, ba aw ñaqam mujj
mel ni lumbi deret, di dal ci suuf.
45 Mu ñaan ba noppi, daldi jóg, délsi ci
taalibe yi, fekk leen ñuy nelaw, sonn lool
ndax aw tiis.
46 Mu ne leen: «Lu ngeen di nelaw?
Jógleen ñaan, ngir baña tàbbi cig fiir.»

### *Jàpp nañu Yeesu*

47 Naka la Yeesu di wax, daaneelagul,
am mbooloo ne jimeet, ka ñuy wax Yuda,
di kenn ca Fukk ñaak ñaar jiite leen. Yuda
dikk ba ci Yeesu, bëgg koo fóon.
48 Yeesu ne ko: «Yuda, fóon ngay wore
Doomu nit ki!»
49 Ña ànd ak Yeesu nag gis la ca nara
topp, ñu ne: «Sang bi, nu jame saamar
boog?»
50 Kenn ci ñoom daldi caw surgab
sarxalkat bu mag ba, njoof noppu
ndijooram.
51 Teewul Yeesu ne: «Bàyyileen, na fi
yem.» Mu laal noppu waa ja, wéral ko.
52 Ba loolu amee Yeesu wax ak ña ko
jàppsi: sarxalkat yu mag ya ak kilifay
wattukati kër Yàlla ga ak magi askan wa.
Mu ne leen: «Mbete dama di ab fippukat,
ba ngeen dikkey saamar aki njur.

53 Moona bés bu nekk, maak yeen la
woon ca kër Yàlla ga, te teguleen ma loxo.
Waaye seen waxtu la léegi, bi kilifteefug
lëndëm ayee nii.»

### *Piyeer jàmbu na*

54 Ba mu ko defee ñu jàpp Yeesu, yóbbu
ko ba ca kër sarxalkat bu mag ba, Piyeer
dànd fu sore, topp ca.
55 Fekk na ñu taal sawara ca digg ëtt ba,
toog yéew sawara wa, Piyeer dikk toog ca
seen biir.
56 Ab surga bu jigéen nag gis ko, mu toog
fi kanam taal bi, mu ne ko jàkk, ne: «Kii it ci
la, moom la àndaloon!»
57 Piyeer nag miim, ne: «Soxna si, xawma
kooku!»
58 Nes tuut keneen gis ko ne: «Yaw it ci
ñoom nga!» Piyeer ne ko: «Waa jii,
bokkuma ci ñoom!»
59 Ba ñu ca tegee lu mat waxtu, keneen
jaaraat ca wax ja ne: «Kii kay wax-dëgg,
moom la àndaloon, nde waa Galile la.»
60 Teewul Piyeer ne ko: «Waa jii, li ngay
wax, xawma ko de!» Ca saa sa, ganaar
sab, te kàddug Piyeer daanoogul sax.
61 Ci kaw loolu Sang bi geesu, ne jàkk
Piyeer, Piyeer fàttaliku la ko Sang bi
waxoon ne ko: «Bala ganaar a sab tey jii,
dina fekk nga jàmbu ma ñetti yoon.»
62 Piyeer nag génn, di jooy jooy yu metti.

### *Mititál nañu Yeesu*

63 Ci kaw loolu ña jàpp Yeesu, di ko
ñaawal aka dóor.
64 Ñu muur kanam gi, naan ko: «Yaw,
waxal nu kàdduy waxyu boog, ana ku la
dóor?»
65 Yeneen saaga yu bare tifaar nañu ko
ko.

### *Yeesu taxaw na ca kuréelu àttekat ya*

66 Ba bët setee kuréelu magi askan wa ak
sarxalkat yu mag ya ak firikati yoonu
Musaa ya, ñépp daje. Ñu yóbbu Yeesu ca
seen kuréelu àtte ba.
67 Ñu ne ko: «Soo dee Almasi bi, wax nu
ko.» Mu ne leen: «Su ma leen ko waxee,
dungeen ma gëm.
68 Te su ma leen laajee, dungeen tontu.
69 Waaye gannaaw-si-tey, Doomu nit ki
mooy toog ci ndijooru Yàlla, Boroom
Kàttan gi.»
70 Ñépp daldi ne: «Kon yaay Doomu
Yàlla?» Mu ne leen: «Yeena waxal seen
bopp ne man la.»
71 Ñu ne nag: «Lu nu doyeeti seede,
gannaaw nun ci sunu bopp noo ko dégge
ci gémmiñam!»

# 23

### *Yeesu janoo naak Pilaat ak Erodd*

1 Gannaaw loolu mbooloo ma mépp jóg,
daldi yóbbu Yeesu ca Pilaat.
2 Ñu tàmbali di ko sosal, naan: «Kii lanu
fekk muy fàbbi askan wi, di aaye ku fey
Sesaar galag, te naan moom ci boppam
mooy Almasi bi, di buur.»
3 Pilaat laaj ko ne ko: «Yaw yaa di buurub
Yawut yi?» Mu ne ko: «Yaa ko wax.»
4 Pilaat ne sarxalkat yu mag ya ak
mbooloo ma: «Waa jii, gisuma ci moom
genn tooñ.»
5 Teewul ñu gëna dëggal seeni wax, ne:
«Mooy yékkati askan wi, ndax li muy
jàngale ci mboolem réewum Yawut, dale ko
ca Galile ba fii.»
6 Pilaat dégg loolu, daldi ne: «Waa jii waa
Galile la?»
7 Ba mu wóoree Pilaat ne, ca diiwaan ba
ca kilifteefu Erodd la Yeesu bokk, ca la ko
yónnee Erodd, yemook Erodd itam nekk
Yerusalem ca fan yooya.
8 Ba Erodd gisee Yeesu, bég na lool, ndax
yàggoon na koo bëgga gis, ngir la mu
déggoon ay mbiram, ba tax mu yaakaara
teewe ay kéemaanam.
9 Mu laaj ko lu bare, Yeesu tontuwu ko.
10 Sarxalkat yu mag ya ak firikati yoonu
Musaa yaa nga taxaw, di ko tuumaal ak
doole.
11 Erodd aki dagam nag sewal Yeesu, di
ko ñaawal. Gannaaw loolu mu solal ko
mbubb mu yànj, delloo ko Pilaat.
12 Erodd ak Pilaat, bésub keroog ay xarit
lañu, doonte ay noon lañu woon.
13 Ci kaw loolu Pilaat woo sarxalkat yu
mag ya ak kilifa ya ak askan wa.
14 Mu ne leen: «Yeena ma indil waa jii, ne
ma mooy lajjal askan wi. Man nag laaj
naa ko ci seen kanam, waaye gisuma ci
moom genn tooñ ci li ngeen ko tuumaal.

15 Erodd itam gisul lenn ci moom, ndax
moo nu ko yónneewaat. Mu ngoog, waa jii
deful lenn lu jar àtteb dee.
16-17 Kon nag dama koy dóorlu, yiwi ko[*].»
18 Ñépp daldi xaacoondoo, ne: «Reyal kii
te yiwil nu Barabas!»
19 Barabas nag ag fippu gu amoon ca
dëkk ba, ak nit ku ñu fa bóomoon, moo
waral ñu tëj ko kaso.
20 Pilaat namma bàyyi Yeesu, daldi
waxaat ak mbooloo ma.
21 Teewul ñuy xaacu, naan: «Daaj ko ci
bant! Daaj ko ci bant!»
22 Pilaat ne leen ñetteel bi yoon: «Ana lu
bon lu kii def? Lenn lu jar dee, gisuma ko
ci moom. Kon nag, dama koy dóorlu, yiwi
ko.»
23 Ñu gënatee xaacu, di sàkku ñu daaj ko
ci bant. Seen coow la mujj ko ëpp doole.
24 Ci kaw loolu Pilaat dogal ñu defal leen
la ñu sàkku.
25 Mu yiwi ka ñu ko ñaanoon, te jëfi fippu
ak nit ku ñu bóom taxoon ñu tëj ko kaso.
Yeesu nag, mu teg ko ci seeni loxo, ngir ñu
def ko lu leen neex.

### *Daaj nañu Yeesu ci bant*

26 Ba ñuy yóbbu Yeesu, jenn waay ju dëkk
Siren[†], ñu di ko wax Simoŋ, moom lañu
dajeel, mu jóge ca tool ya. Ñu gàdduloo ko
bant ba ñuy daaje Yeesu, mu topp ca Yeesu.
27 Nit ñu bare nag topp ko, jigéen ñay
yuuxu, di ko jooy.
28 Yeesu geesu leen, ne: «Yeen jigéeni
Yerusalem, buleen ma jooy! Jooyleen seen
bopp ak seeni doom.
29 Ay jant a ngi ñëw kat, dees na ca ne:
“Ndokkalee jigéen ju tëlee am doom,
masula jur, masula nàmpal!”
30 Su boobaa,
“Nit ñee naan tund yu mag yi: ‘Daanuleen
ci sunu kaw!’,
naan tund yu ndaw yi: ‘Suulleen nu[‡]!’ ”
31 Ndegam bant bu tooy lees di def nii, ana
nu bant bu wow di mujje?»
32 Yóbbaale nañu itam ñaari saay-saay,
ngir boole leen ak Yeesu, rey leen.

33 Ba ñu agsee ca béreb, ba ñuy wax
Kaaŋu bopp[§], fa lañu daaj Yeesu ci bant,
daajaale ñaari saay-saay ya, kenn ca
ndijooram, ka ca des ca càmmoñam.
34 Ci kaw loolu Yeesu ne: «Baay, baal
leen, ndax li ñuy def, xamuñu ko.» Ñu
daldi tegoo bant ay yéreem, ngir séddoo ko.
35 Mbooloo maa nga taxaw di seetaan,
kilifa ya ñoom di ko kókkali, naan: «Moom
day musle, na musal boppam nag,
ndegam mooy Almasib Yàlla, ki Yàlla tànn!»
36 Takk-der ya it di ko ñaawal. Ñu dikk,
tàllal ko bineegar, ngir mu naan.
37 Ñu ne ko: «Gannaaw yaa di buurub
Yawut yi, musalal sa bopp!»
38 Ñu bindal ko nag fa ko tiim, mbind
mii: «Kii mooy buurub Yawut yi.»
39 Kenn ca saay-saay ya ñu wékkoon ci
bant, di ko saaga, naan ko: «Xanaa du yaw
yaay Almasi bi? Wallul sa bopp te wallu
nu!»
40 Moroom ma nag femmu ko, ne ko:
«Ragaloo sax Yàlla, te yaa ngi ci menn
mbugal mii?
41 Nun sax, lii jaadu na ci nun, ndax
sunu yoolu jëf lanu jot. Waaye kii deful
dara lu teggi yoon!»
42 Mu teg ca ne: «Yeesu, boo délsee ci sa
nguur, fàttaliku ma!»
43 Yeesu ne ko: «Yaw laa ne déy, bésub tey
jii, man ngay nekkal fa Àjjana.»

### *Yeesu saay na*

44 Ba ñu demee ba tollu ci booru fukki
waxtu ak ñaar ca bëccëg, ag lëndëm a wàcc
ca réew ma mépp, ba fukki waxtu ak
juróom ca ngoon.
45 Naka la jant bi giim, ridob biir néegu
Yàlla ba xar ca digg ba.
46 Ci kaw loolu Yeesu àddu ca kaw, ne:
«Baay, jébbal naa la samag noo!» Ba mu
waxee loolu la dog.
47 Njiitu takk-der ba ko teewe woon nag
sàbbaal Yàlla, ne: «Aylayéwén, waa jii ku jub
la.»

---

[*] **23.16-17** Am na ay kayit yu indi aaya bii: Booba fàww Pilaat bàyyil leen kenn ca bésu màggal ga. [†] **23.26** ***Siren,*** ab dëkk la bu nekkoon ci tefesu bëj-gànnaaru Afrig te féete Misra sowu. [‡] **23.30** Seetal ci *Ose* 10.8. [§] **23.33** ***bérebu Kaaŋu bopp*** mooy tund wu nirook kaaŋu bopp.

48 Ba loolu amee mboolem ña fa daje
woon di seetaan te teewe loolu, ñépp dellu
seeni kër, tey fëgg seen dënn ndaxu tiis.
49 Mboolem xamey Yeesu, ak jigéen ña
ko toppe woon ca Galile, ña nga dànd lu
sore, di seetaan.

*Rob nañu Yeesu*

50 Ndeke jenn waay ju ñuy wax Yuusufa,
ma nga bokkoon ca kuréelu àttekati Yawut
ya. Ku baax, ku jub la woon.
51 Kooku ànduloon ca àtteb kuréel ga ak
seen jëf jooju. Ma nga cosaanoo woon
dëkkub Yawut ba ñuy wax Arimate, te
moom itam, nguurug Yàlla la doon séentu.
52 Moom moo dem ca Pilaat, sàkku ci
moom, mu jox ko néewub Yeesu.
53 Gannaaw loolu mu wàccee ko ca bant
ba, sànge ko càngaayal lẽe, denc ko ci
bàmmeel bu ñu yatt ciw doj, te maseesu
caa denc ab néew.
54 Bésub Waajal la woon, bésub Noflaay
bi ci topp di waaja taxaw.
55 Fekk na jigéen ña dale woona ànd ak
Yeesu ca Galile, ña nga topp ca Yuusufa.
Ñu gis bàmmeel ba, ak na ñu ca dence néew
ba.
56 Ba loolu amee ñu dellu, waajali
cuuraay ak diwu xeeñlu ngir néew ba.
Bésub Noflaay nag taxaw, ñu dallu, ni ko
yoon santaanee.

# 24

*Yeesu Almasi bi dekki na*

1 Ca ëllëg sa, ca bésub dibéer, ba jiitu ca
ayu bésu Yawut ya, jigéen ña jëlu dem ca
bàmmeel ba, yóbbaale cuuraay la ñu waajal.
2 Ñu agsi ca bàmmeel ba, fekk ñu béraŋ
doj wa uboon bunt ba, laf ko ca wet ga.
3 Ñu dugg, fekkuñu fa néewub Sang
Yeesu.
4 Naka lañu nekke seenug njaaxle ci
loolu, ñaari góor ne jimeet fa seen wet, sol
yére yuy melax.
5 Naka la leen tiitaange jàpp, ba ñu sukk,
dëpp seen jë fa suuf, ñu ne leen: «Kiy dund,
lu tax ngeen di ko seet ci biir ñi dee?
6 Nekku fi; dekki na. Fàttalikuleen la mu
leen waxoon, ba mu génnagulee Galile.
7 Da noon: “Fàww ñu teg Doomu nit ki ci
loxoy bàkkaarkat yi, ñu daaj ko ci bant, rey
ko, ba ñetteelu fanam, mu dekki.”»
8 Booba lañu fàttaliku kàddug Yeesu
googu.
9 Ñu jóge ca bàmmeel ba, dem àgge loolu
lépp fukki taalibe yaak benn, ak ña ca des
ñépp.
10 Jigéen ña àgge loolu ndaw ya, ñoo doon
Maryaama ma dëkk Magdala, ak Saan, ak
Maryaama yaayu Yanqóoba, ak itam
ñeneen jigéen ñu àndoon ak ñoom.
11 Teewul ñu def waxi jigéen ña ay
caaxaan, ba gëmuñu leen.
12 Piyeer nag jóg, daw, ba ca bàmmeel ba.
Mu sëgg, yër, gisul lu dul càngaay la. Mu
daldi ñibbi, jaaxle lool ca mbir ma.

*Yeesu feeñ na ca yoonu Emayus*

13 Ndeke ca bés booba ñaar ca taalibe
yaa nga woon ca yoonu dëkk ba ñuy wax
Emayus, digganteem ak Yerusalem wara
tollu ci fukki kilomet ak benn.
14 Ña ngay waxtaane mboolem xew-xew
yooyu.
15 Naka lañuy waxtaan aka diisoo, Yeesu
ci boppam dab leen, ànd ak ñoom.
16 Teewul seeni gët tëlee ràññee, ba
manuñu koo xàmmee.
17 Yeesu ne leen: «Lu ngeen di waxtaane
nii ci yoon wi?» Ñu daldi taxaw, seen
kanam lëndëm ndaxu tiis.
18 Kenn ci ñoom, ku ñuy wax Këlyopas ne
ko: «Xanaa yaw rekk de, yaa dal Yerusalem
te umple li fi xew fan yii?»
19 Yeesu ne leen: «Lu fi xew?» Ñu ne ko:
«Mbirum Yeesum Nasaret. Mu doonoon ab
yonent bu manoorewu ci jëf ak ci kàddu,
Yàlla ak askan wépp seede.
20 Waaye sunu sarxalkat yu mag ak
sunuy njiit ñoo ko teg ciy loxo, ngir ñu teg
ko àtteb dee, daaj ko ci bant.
21 Nun nag danoo yaakaaroon ne mooy
jotsi Israayil. Loolu lépp teewul nu ngii ci
ñetteelu fan ba, ba mbir yooyu amee ba
tey.
22 Ay jigéen ñu bokk ci nun nag ñoo nu
jaaxal. Ndax ñoo jëlu dem ca bàmmeel ba,
23 waaye fekkuñu fa néewam. Ñu dikk, ne
ay malaakaa leen feeñu, xamal leen ne
Yeesoo ngi dund.
24 Ñenn ci sunuy àndandoo it dem nañu
ca bàmmeel ba, fekk ko noonee ko jigéen ña
waxe. Waaye moom, gisuñu ko.»

25 Ci kaw loolu mu ne leen: «Yeen daal,
yeena ñàkk xel, yeena naqarim xel,
ndegam ba tey gëmaguleen mboolem li
yonent yi xamle woon!
26 Xanaa du fàww Almasi bi daj boobu
coono, doora dugg ci teraangaam?»
27 Mu tàmbalee nag ci Yonent Yàlla
Musaa, jaare ci yonent yépp, tekkil leen
mboolem lu Mbind mi indi ci mbiram.
28 Naka lañuy jub dëkk, ba ñu jëm, mu
mel ni ku nara jubal yoonam.
29 Ñu daldi koy téye, ne ko: «Dalal ak nun,
ndax jant baa ngi so, léegi mu guddi.»
Ba loolu amee mu dugg, dal ak ñoom.
30 Ba reer jotee mu toog ak ñoom ca
ndab la, jël mburu ma, yékkati kàddug cant,
daldi dagg, jox leen.
31 Ca la seeni gët ubbiku, ñu xàmmee ko.
Moom nag, mu ne mes, réer leen.
32 Ba loolu amee, ku nekk naan sa
moroom: «Ndax yéguloo woon cawartey
xol bu tooy, ba muy wax ak nun ci yoon
wi, di nu firil Mbind mi?»
33 Ñaari taalibe ya daldi jóg ca waxtu
woowu tembe, dellu Yerusalem, ca Fukk
ñaak benn. Ñu fekk leen ñu dajeek seeni
àndandoo.
34 Ci kaw loolu ñu ne ñaar ña jóge
Emayus: «Ndeke Sang bi kay, dekki na;
feeñu na Simoŋ!»
35 Ñaari taalibe ya ñoom it, nettali leen la
xewoon ca yoon wa ak na ñu xàmmee
Yeesu, ba mu daggee mburu ma.

### *Yeesu feeñu na ay taalibeem*

36 Ba ñaari taalibe ya di nettali loolu, ca
la Yeesu ci boppam ne jimeet taxaw ci
seen biir, ne leen: «Jàmm seen!»
37 Tiitaange ju réy jàpp leen, ñu foog ne
njuuma lañu gis.
38 Yeesu nag ne leen: «Lu ngeen di
jaaxle, ak lu ngeen di xel ñaar nii?
39 Xoolleen samay loxo ak samay tànk.
Man la. Làmbleen ma, ba xam! Njuuma
amul suux, amuli yax, nii ma ko ame,
ngeen gis.»
40 Loolu la leen wax, daldi leen won ay
loxoom aki tànkam.
41 Taalibe ya nag boole mbég akug
jaaxle ba tax manuñu koo gëm. Mu ne
leen: «Lu ngeen fi am, lu ñuy lekk?»
42 Ñu jox ko dogu jën wu ñu lakk.
43 Mu jël ko, lekk ci seen kanam.
44 Ci kaw loolu mu ne leen: «Lii moo di
kàddu ya ma leen waxoon ba ma nekkee
ak yeen. Noon naa leen: mboolem li ñu
bind ci samay mbir ci yoonu Musaa, ak ci
téerey yonent yi, ak ci taalifi cant yi, fàww
lépp sotti.»
45 Ca la ubbee seen xel, ngir Mbind mi
leer leen.
46 Mu ne leen: «Nii lees binde, ne fàww
Almasi bi dee ci biir coono, ba dekki ca
ñetteelu fan ba;
47 te ciw turam, dees na dale ci
Yerusalem, yégal xeet yépp, tuubeel gu jur
njéggalug bàkkaar.
48 Loolu yeena ko seede.
49 Man ci sama bopp maa leen di yónnee
li sama Baay dige. Waaye yeen toogleen ci
dëkk bi, ba kera ñu leen solee manoore ju
bawoo fa kaw.»

### *Yeesu tàggooti na*

50 Gannaaw loolu Yeesu yóbbu leen ca
wetu Betani. Ci kaw loolu mu yékkati ay
loxoom, barkeel leen.
51 Ba mu leen di barkeel, ca la teqalikoo
ak ñoom, ñu yéege ko asamaan.
52 Ñoom nag, ñu sujjóotal ko, daldi dellu
Yerusalem, ànd ak mbég mu réy.
53 Saa su nekk, ña nga woon ca kër Yàlla
ga foofa, di sant Yàlla.

# Xibaaru jàmm bu Almasi Yeesu, ci jottalib Yowaan

Yowaan kenn la woon ci taalibey Yeesu. Yowaan moo nettali juróom ñaari kéemaan yu Yeesu def, te muy lu wees ay kéemaan, maanaam ay firnde yu wone kan mooy Yeesu ak li ko Yàlla yónni ngir mu def ko ci àddina.

Ni ñu ko daaje ca bant ba, moo sottal liggéey bu mag bi ko Yàlla dénk, te liggéey bi mooy baaxe nit ñi réer, di leen jéggal. Li Yonent Yàlla Yaxya wax rekk, moom «mooy Xarum Yàlla, miy far bàkkaaru àddina» (1.29).

Ci tënk:

- 1.1-18 Kàddu gi moo ñëw ci àddina.
- 1.19-51 Yaxya yégle na ñëwug Yeesu, ba wonale ko ak taalibey Yeesu yu njëkk ya.
- 2.1—12.50 Yeesu wone na juróom ñaari firnde, jàngal na mbooloo.
- 13.1—19.42 Yeesoo ngii ci fanam yu mujj ci biir Yerusalem ak li ko wër.
- 20.1—21.25 Yeesu dekki na, ba feeñu ay taalibeem.

### *Almasi bi moo di Kàddu gi, di leer gi*

1 Njàlbéen ga fekk na Kàddu gi nekk, te
Kàddu gi ma nga woon ak Yàlla, te Kàddu gi
Yàlla la woon.
2 Njàlbéen ga fekk na Kàddu gi nekk ak
Yàlla.
3 Lépp ci Kàddu gi lañu ko sàkke. Sàkkeesul
dara lu ñu sàkkewul ci moom.
4 Ci moom la dund nekk, te dund dig
leer, ñeel nit ñi.
5 Leer moo feeñ ci biir lëndëm, te lëndëm
gi manu koo man.
6 Am na nit ku Yàlla yebal, ñu di ko wax
Yaxya.
7 Kooku moo dikke kàddug seede, ngir
seede lu jëm ci leer gi, ngir ñépp gëme ciy
waxam.
8 Du moom ci boppam moo doon leer gi,
waaye seedeel leer gi moo ko taxa dikk.
9 Leer giy dëgg, tey leeral nit ñépp, moo
dikk ci àddina.
10 Ci àddina la masa nekk, te àddina
sàkkoo ci moom, waaye waa àddina
xamuñu ko.
11 Ci ñoñam la ñëw, waaye ñoñam a ko
dalalul.
12 Teewul mboolem ñi ko dalal, ba gëm
ko, ñoom la may ñu yelloo doon doomi
Yàlla.
13 Ñooñu du ci deret lañu sosoo, te it du
ci coobarey nitu suuxu neen, mbaa ci
coobarey góor lañu sosoo, waaye ci Yàlla
lañu sosoo.
14 Kàddu gee sol aw suux, doon nit,
màkkaanoo ci sunu biir, nu ne jàkk ci
darajaam, darajay jenn Doom ji bawoo ci
Baay bi, mat sëkk ci aw yiw akug dëgg.
15 Moom la Yaxya seedeel, di xaacu ne:
«Kii laa noon leen: “Mooy dikk sama
gannaaw waaye moo ma sut, nde moo
jiitu sama juddu.”»
16 Ci ag matam lanu tanqe nun ñépp, yiw
ci kaw yiw.
17 Yoon wi indi ndigali Yàlla yi, ci
gémmiñu Musaa lees ko joxee, waaye yiw
wi ak dëgg gi, ci Yeesu Almasi bi la dikke.
18 Kenn masula gis Yàlla, waaye Yàlla
miy Kenn te sës rëkk ci Baay bi, kooku
mooy ki ko xamle.

### *Yaxya seedeel na Almasi bi*

19 Lii nag moo di seedes Yaxya, ba njiiti
Yawut ya yebalee fa moom ay sarxalkat
aki Leween ñu jóge Yerusalem, dikk ne ko:
«Yaw yaay kan?»
20 Yaxya dafa biral, bañula tontu, waaye
daa biral ne: «Duma Almasi bi.»
21 Ñu ne ko: «Yaay kan nag? Yaa di
Ilyaas?» Mu ne leen: «Duma Ilyaas.» Ñu ne
ko: «Ndax yaa di Yonent bi*?» Mu ne leen:
«Déedéet.»
22 Ñu ne ko nag: «Wax nu yaay kan, ba
nu mana yóbbul tont ñi nu yónni. Nga ne
yaa di kan?»
23 Mu ne: «Man maa di baatu kiy xaacu
ci màndiŋ mi, naan: “Nangeen xàll yoonu
Boroom bi!”» noonu ko Yonent Yàlla Esayi
waxe woon†.

* **1.21** ***Yonent bi:*** seetal ci *Baamtug yoon wi* 18.15, 18. Bànni Israayil am na yonent bu bokk ci seen askan bu ñu doon séentu. † **1.23** Seetal ci *Esayi* 40.3.

24 Ay Farisen nag a nga woon ca ña ñu yebal ca Yaxya.

25 Ñu laaj ko ne ko: «Ana kon looy sóobe ci ndox, gannaaw doo Almasi bi, doo Ilyaas, doo Yonent boobu?»

26 Yaxya ne leen: «Man de maa ngi sóobe ci ndox, waaye nit a ngi fii ci seen biir te xamuleen ko.

27 Kookooy ñëw sama gannaaw, te buumi caraxam sax, man yeyoowuma ko koo feccil.»

28 Lii ca Betani la xewe woon, ca wàllaa dexu Yurdan, fa Yaxya daan sóobe.

### *Yeesu moo di Xarum Yàlla*

29 Ca ëllëg sa, ba Yaxya gisee Yeesu di dikk wutsi ko, da ne: «Kii mooy Xarum Yàlla, miy far bàkkaaru àddina‡.

30 Kii laa noon leen: "Nit kiy ñëw sama gannaaw moo ma sut, nde moo jiitu sama juddu."

31 Man ci sama bopp xàmmeewuma ko woon, waaye xamal ko bànni Israayil moo ma taxa dikk, di sóobe ci ndox.»

32 Ci kaw loolu Yaxya seede ne: «Maa gis Noowug Yàlla wàcce asamaan, ni am pitax, toŋ ci kawam.

33 Man nag xàmmeewuma ko woon, waaye ki ma yebal ba may sóobe ci ndox moo ma ne: "Ki nga gis Noo gu Sell gi wàcc, toŋ ci kawam, kooku mooy sóobe ci Noo gu Sell gi."

34 Maa gisal sama bopp te maa seede ne kii moo di Doomu Yàlla.»

### *Lu jëm ci ñi njëkka topp Yeesu*

35 Ca ëllëg sa Yaxya dellu taxaw, mook ñaari taalibeem.

36 Naka la Yeesu di romb, Yaxya ne ko jàkk, ne: «Kii moo di Xarum Yàlla!»

37 Ñaari taalibe ya dégg la mu wax, daldi topp ca Yeesu.

38 Yeesu ne gees, gis ñu topp ci moom. Mu ne leen: «Lu ngeen bëgg?» Ñu ne ko: «Rabbi,» muy firi kilifa gi, «ana foo dal?»

39 Yeesu ne leen: «Kaayleen, gis.» Ñu dem ba gis fa mu dal. Loola yemook ñeenti waxtu ci ngoon. Ñu daldi toog fa moom la des ca bëccëg ba.

40 Ku ñuy wax Simoŋ Piyeer nag moo bokk ndey ak baay ak Àndre, miy kenn ca ñaar ña déggoon la Yaxya wax, ba tax ñu topp Yeesu.

41 Simoŋ moomu Àndre bokkal, la Àndre njëkka seeti, ne ko: «Gis nanu Almasi bi,» muy firi Ki ñu fal§!

42 Mu yóbbu Simoŋ ba ca Yeesu. Yeesu ne ko jàkk, ne ko: «Yaa di Simoŋ, doomu Yowaan. Dees na la woowe Sefas,» muy firi doj.

### *Yeesu woo na Filib ak Natanayel*

43 Ca ëllëg sa Yeesu fas yéenee dem Galile. Ci biir loolu mu daje ak Filib. Yeesu ne ko: «Toppal ci man.»

44 Filib, Betsayda la dëkkoon, dëkkub Àndre ak Piyeer.

45 Filib nag dem ba ca ku ñuy wax Natanayel, ne ko: «Ki Musaa bind ci téereb yoon wi, ki yonent yi bind ci mbiram, gis nanu ko; Yeesu doomu Yuusufa la, Nasaret la dëkk!»

46 Natanayel ne ko: «Mbaa lu baax man naa jóge Nasaret yee?» Filib ne ko: «Ñëwal gis.»

47 Ba Yeesu gisee Natanayel jëmsi ca moom, wax na ca moom, ne: «Nitu Israayil dëgg a ngii; gennug caaxaan nekkul ci moom.»

48 Natanayel ne ko: «Foo ma xame?» Mu ne ko: «Bala laa Filib a woo, ba nga nekkee ca suufu figg ga, laa la gis.»

49 Natanayel nag ne ko: «Kilifa gi, yaa di Doomu Yàlla, yaa di buurub Israayil!»

50 Yeesu ne ko: «Li ma ne la, gis naa la ca suufu figg ga moo la taxa gëm? Lu raw loolu ngay gis.»

51 Mu teg ca ne leen: «Maa leen ko wax dëy te muy lu wér, dingeen gis asamaan ubbiku, malaakay Yàlla yiy yéeg aka wàcce ci kaw Doomu nit ki.»

## 2

### *Yeesu def na kéemaan ca Kana*

1 Ca gannaaw ëllëg sa, ag céet a amoon ca Kana ga ca diiwaanu Galile. Yaayu Yeesu nag ma nga fa woon.

‡ **1.29** Seetal ci *Esayi* 53.7-8; *1.Piyeer* 1.19. § **1.41** ***Ki ñu fal:*** moom lañuy wax Kirist itam ci làkku gereg.

2 Yeesu aki taalibeem itam, woo woon
nañu leen ca céet ga.
3 Ca biir bernde ja, biiñ ba dem ba jeex.
Yaayu Yeesu ne Yeesu: «Ñii de, seen biiñ
jeex na.»
4 Yeesu ne: «Soxna si, lu tax nga di ma
wax loolu? Sama waxtu* jotagul.»
5 Teewul yaayam ne surga ya: «Lu mu
leen wax, defleen ko.»
6 Juróom benni ndaayi doj yu ñu yatt a
nga fa woon, Yawut ya daan ca jàppe; ndaa
lu ci nekk mana def juróom ñett fukk ba
téeméeri liitar.
7 Yeesu ne surga ya: «Duyleen ndaa yi ba
mu fees.» Ñu duy ndaa yi, ba mu rembat.
8 Yeesu ne leen: «Léegi tanqleen ci, yót
ko njiitu xew wi.» Ñu tanq, yót ko.
9 Njiitu xew wa mos ndox ma, ndeke
soppaliku na biiñ. Xamul fu biiñ ba jóge,
teewul surga ya tanq ndox ma, ñoom xam
nañu ko. Njiit la woo boroom séet ba, ne
ko:
10 «Mboolem kuy xew, biiñ bu neex lay
njëkka joxe; bu nit ñi naanee ba doyal, mu
doora taaj bu yemamaay. Yaw nag nga
denc bu neex bi ba nëgëni!»
11 Lii Yeesu moo ko def fa Kana gu
diiwaanu Galile, muy ndoorteli firndeem.
Ni la firndeele darajaam, ba ay taalibeem
gëm ko.
12 Gannaaw loolu la dem Kapernawum,
mook yaayam aki rakkam aki taalibeem.
Waaye tooguñu fa fan yu bare.

### *Yeesu dàq na jaaykat ya ca kër Yàlla ga*

13 Màggalu Yawut gi ñuy wax bésub Mucc
moo jubsi woon. Yeesu nag dem
Yerusalem.
14 Ba mu agsee ca ëttu kër Yàlla ga, ay
jaaykati nag la fa fekk ak jaaykati xar ak
jaaykati pitax ak weccikati xaalis yu toog.
15 Mu defar kàcciri gu mu ràbbe ay
buum, dàqe leen ko, génne kër Yàlla ga,
ñoom ñépp, ak xar yaak nag ya. Ci biir
loolu mu tasaare xaalisu weccikat ya,
dëpp taabal ya.
16 Jaaykati pitax ya, mu ne leen:
«Jëleleen fi lii! Buleen def sama kër Baay,
kërug jaayukaay!»
17 Taalibeem ya nag fàttaliku la ñu bind
ne: «Damaa xér ci sa kër gi, ba jeex tàkk†.»
18 Ba loolu amee njiiti Yawut ya ne ko:
«Lii ngay def, jan firnde nga nuy jox, ba
sañ koo def?»
19 Yeesu ne leen: «Yàqleen kër Yàlla gii,
ma yékkatiwaat ko ci ñetti fan.»
20 Yawut yi nag ne ko: «Kër Yàlla gii ñu
tabax ci ñeent fukki at ak juróom benn, yaa
koy yékkatiwaat ci ñetti fan?»
21 Waaye Yeesu kër Yàlla ga mu doon
wax, yaramu boppam la woon.
22 Gannaaw ba Yeesu deewee ba dekki
nag, la taalibeem ya fàttaliku loolu mu
waxoon. Ñu daldi gëm li Mbind mi indi, ak
kàddu ga Yeesu waxoon.
23 La Yeesu toog Yerusalem ca màggalu
bésub Mucc, ñu baree ko gëm, ba ñu gisee
firnde ya muy def.
24 Waaye Yeesu moom, taxul mu wóolu
leen, ndax ñoom ñépp la xamoon,
25 te it soxlawul kenn xamal ko nit, ndax
moom ci boppam xam na li ci nit.

# 3

### *Yeesu waar na waarekatub bànni Israayil*

1 Am na nit ku bokkoon ca Farisen ya,
ku ñuy wax Nikodem, di njiit ca Yawut ya.
2 Kooku moo dikk ag guddi ba ca Yeesu
ne ko: «Kilifa gi, xam nanu ne ab kilifa nga
bu bawoo fa Yàlla, nde kenn manula def
firnde yii ngay def, te du Yàllaa ànd ak
moom.»
3 Yeesu ne ko: «Maa la ko wax dëy ci lu
wér, nit ki, su judduwaatul*, du mana gis
nguurug Yàlla.»
4 Nikodem ne ko: «Ana nu nit di
judduwaate te xasa dem bay mag? Daa
mana duggaat ci biiru yaayam, ngir
judduwaat?»
5 Yeesu ne ko: «Maa la ko wax dëy ci lu
wér, nit ki su juddoowul ci ndox ak ci
Noowug Yàlla, du mana tàbbi ci nguurug
Yàlla.

* **2.4** ***Sama waxtu:*** bu ko Yeesu waxee, dafa wax ci bésu deewam. Seetal ci Yowaan 17.1. Mi ngi xalaat ci li ko nara dal ngir mu nekk boroom këru mbooloom ñi ko gëm. Seetal ci *Efes* 3.25. † **2.17** Seetal ci *Taalifi cant* 69.10. * **3.3** ***judduwaat:*** ci làkku gereg, baat bi Yeesu wax mi ngi tekki «judduwaat» walla «juddoo ci kàttan gu jóge ci kaw».

6 Lu juddoo ci nitu suuxu neen, nitu suux la, lu juddoo ci Noowug Yàlla nag, ag noo la.
7 Li ma la ne: “Fàww ngeen judduwaat,” bumu la jaaxal.
8 Ngelaw fu ko neex lay gelawe; coowam ngay dégg, waaye xamuloo fu mu jóge, xamuloo fu mu jëm. Noonu la it ci képp ku juddoo ci Noowug Yàlla.»
9 Nikodem neeti ko: «Loolu nu mu mana ame?»
10 Yeesu ne ko: «Yaw ngay jàngalekat bu mag ci bànni Israayil te xamuloo loolu?
11 Maa la ko wax déy, ci lu wér; li nu xam, nu ngi koy wax; li nu gis, nu ngi koy seede, yeen kay yeena baña gëm li nu seede.
12 Gannaaw mbiri àddina laa leen wax, gëmuleen ko, su ma leen waxee mbiri asamaan, ana nu ngeen koy gëme?
13 Kenn masula yéeg fa asamaan ku moy ki wàcce asamaan, te mooy Doomu nit ki†.
14 Te itam noonee Musaa yékkatee woon jaan ja ca màndiŋ ma‡, fàww ñu yékkatee ni Doomu nit ki,
15 ngir képp ku ko gëm, texe ba fàww.»
16 Ndax Yàlla moo sopp àddina, ba joxe jenn Doomam ji, ngir képp ku ko gëm, texe ba fàww, te du sànku mukk.
17 Ndax kat Yàlla yebalul Doomam ci waa àddina ngir daan waa àddina, waaye musal waa àddina, mucc gu sottee ci Doomam, moo tax mu yebal ko.
18 Képp ku ko gëm, deesu la daan, waaye ku ko gëmul, daanees na ko ba noppi, ndax moo gëmul jenn Doomu Yàlla ji.
19 Àtteb daan bi nii la tëdde: leer moo dikkal àddina, waaye nit ñi la lëndëm gënal leer ndax seen jëf yu bon.
20 Képp kuy def jëf ju sew, day bañ ag leer te du dikk ci leer gi, ngir ragal ay jëfam feeñ.
21 Waaye kiy def liy dëgg, ci leer gi lay dikk, ngir mu leer nàññ ne déggal Yàlla la ko jëfe.

## *Yaxya nangu na ne Yeesu moo sut lépp*

22 Gannaaw loolu Yeesu ànd ak ay taalibeem, dem diiwaanu Yude. Mu toog fa ak ñoom ab diir, di sóob nit ñi ci ndox.
23 Ci biir loolu Yaxya itam di sóobe ci ndox ca Aynon, wetug Salim, ndax diiwaan bu bare ndox la woon. Nit ñi di ko fa fekk, mu di leen sóob ci ndox.
24 Booba tëjaguñu Yaxya kaso.
25 Werante nag am diggante ñenn ci taalibey Yaxya ak ab Yawut, ci mbirum setlu gi seen yoon laaj.
26 Ci kaw loolu ñu dikk ca Yaxya ne ko: «Kilifa gi, ka nga dajeeloon ca wàllaa dexu Yurdan, te nga seedeeloon ko ag kàddu, moom de ma ngay sóobe ci ndox, ñépp jëm ca moom!»
27 Yaxya ne leen: «Nit manula am lenn lu ko Yàlla joxul.
28 Yeen ci seen bopp, yeenay samay seede ne maa noon man duma Almasi bi, waaye dees maa yebal ngir ma jiitusi Almasi boobu.
29 Kiy séetal moo moom ab séetam. Waaye xaritu boroom séet bi day taxaw di ko déglu, bu déggee baatu boroom séet bi, bég. Mbég moomu nag laa moom, te mat na sëkk.
30 Moom mu gën di kawe, te man ma gën di suufe mooy li war.»
31 Ki jóge ci kaw moo féete ñépp kaw; ki jóge ci suuf nag, ci suuf la bokk, te mbiri suuf lay wax. Waaye ki jóge asamaan moo féete ñépp kaw.
32 La mu gis ak la mu dégg lay seede, waaye kenn du gëm kàddug seedeem.
33 Ku nangu kàddug seedeem nag yaa nangu ne Yàllaa wax dëgg.
34 Yàlla kat, ku mu yebal, kàddug Yàlla lay wax, ndax Yàlla du natt li mu koy nàddil cig Noowam.
35 Baay bi moo sopp Doom ji, te lépp la teg ciy loxoom.
36 Ku gëm Doom ji, yaay texe ba fàww; ku baña gëm Doom ji nag, doo gis googu texe, waaye sànjum Yàlla mooy dëkk ci sa kaw.

# 4

## *Yeesu feeñu na ndaw su dëkk Samari*

1 Ba Yeesu yégee nag ne Farisen ya dañoo dégg ne Yeesu moo ëpp Yaxya taalibe yu muy tuubloo, di leen sóob ci ndox,
2 doonte du woon Yeesu ci boppam moo doon sóobe, waaye taalibey Yeesu la woon,

† **3.13** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 30.4. ‡ **3.14** Seetal ci *Màndiŋ ma* 21.9.

3 ca la jóge Yude, dellu diiwaanu Galile.
4 Woowu yoon nag, Samari la waroona
jaare.
5 Ci kaw loolu mu dem ba agsi dëkkub
Samari ba ñuy wax Sikar, ca wetu tool ba
Yanqóoba mayoon doomam Yuusufa.
6 Foofa la teenub Yanqóoba nekkoon.
Fekk na coonob tukki ba jàpp Yeesu. Mu
toog ca wetu teen ba, waxtu wu xawa
yemook digg bëccëg.
7 Senn ndawas Samari dikk, di rootsi.
Yeesu ne ko: «May ma, ma naan.»
8 Booba ay taalibeem dem nañu dëkk ba,
ngir jëndi lu ñu lekk.
9 Ndaw si ne ko: «Yaw miy Yawut, ana
noo ma mana ñaane ndoxum naan, man,
te may waa Samari?»
Ndax Yawut yi séquñu woon ak waa
Samari lenn.
10 Yeesu nag ne ndaw si: «Soo xamoon
mayu Yàlla, ak kan moo la ne may ma, ma
naan, kon yaw yaa koy ñaan, mu may la
ndox miy dundal.»
11 Ndaw si ne ko: «Sang bi, amuloo baag,
te teen bi xóot na; ana fooy jële ndox miy
dundal?
12 Dangaa sut sunu maam Yanqóoba, mi
nu may teen bi, te naan ci, mooki doomam
akug juram?»
13 Yeesu ne ko: «Ku naan ci miim ndox it,
dina maraat,
14 waaye ku naan ci ndox mi ma koy
may, man, du marati; ndox mi ma koy
may, bëtu ndox lay doon ci moom, di ball,
ngir dundug texe gu sax dàkk.»
15 Ndaw si ne ko: «Sang bi, may ma ci
moomu ndox, ba duma marati, mbaa may
dikkati fii, di root.»
16 Yeesu ne ko: «Demal woowi sa jëkkër te
ñëw.»
17 Ndaw si ne ko: «Awma jëkkër.» Yeesu
ne ko: «Wax nga dëgg, amuloo jëkkër,
18 ndax juróomi jëkkër nga séyal, te ki nga
am léegi du sa jëkkër. Kon dëgg nga wax.»
19 Ndaw si ne ko: «Sang bi, gis naa ne
yaw ab yonent nga.
20 Nun nag, sunuy maam ca tund wee
lañu daan jaamoo Yàlla, te yeen Yawut yi,
yeena ne béreb ba jaamu Yàlla ware, ma
nga ca Yerusalem.»
21 Yeesu ne ko: «Ndaw sile, lii ma lay wax,
gëm ko: waxtoo ngi ñëw, du ci tund wii, te
du Yerusalem lees di jaamoo Baay bi.
22 Yeen waa Samari, yeenay jaamu lu
ngeen xamul. Nun Yawut yi, li nuy jaamu,
xam nanu ko, ndax ag mucc, ci Yawut yi
lay jóge.
23 Waaye waxtoo ngi ñëw, te léegi la; ci la
jaamukat yi dëgg di jaamoo Baay bi xel ak
dëgg, ndax ñu ni mel la Baay bi sàkku ñu
jaamu ko.
24 Yàlla xel la*, kon ñi koy jaamu, xel ak
dëgg lañu ko war di jaamoo.»
25 Ndaw si ne ko: «Xam naa ne Almasi
baa ngi ñëw, moom lañu naan Ki ñu fal†,
kooku bu dikkee, moo nuy leeralal lépp.»
26 Yeesu ne ko: «Man miy wax ak yaw,
man la.»

### *Taalibey Yeesu ya délsi nañu*

27 Cooca la taalibey Yeesu dikk, daldi
jaaxle ca lañu ko fekk muy wax ak as
ndaw, waaye kenn newu ko: «Loo soxla?»
mbaa: «Lu tax ngay wax ak ndaw si?»
28 Ndaw sa nag wacc fa njaqam, dem ca
dëkk ba, daldi ne nit ña:
29 «Kaayleen gis; nit a nga fee, wax na ma
mboolem lu ma def! Kooku du Almasi
beem?»
30 Ñu génne ca dëkk ba, wutsi Yeesu.
31 Ci biir loolu taalibe ya di ko soññ,
naan ko: «Kilifa gi, lekkal.»
32 Teewul Yeesu ne leen: «Am naa ñam
wu ma lekk, te woowu ñam, yeen
xamuleen ko.»
33 Taalibe ya nag naan ca seen biir:
«Ndax dees koo indil ag lekk?»
34 Yeesu ne leen: «Samaw ñam moo di jëfe
coobarey ki ma yónni, ba sottal ab
liggéeyam.
35 Du yeena naan: “Fii ak ñeenti weer
ngóob taxaw”? Dégluleen, ma wax leen:
dawalleen seen bët, xool tool yi, ñu ngi
weex tàll, di xaar am ngóob.
36 Góobkat baa ngi feyeeku xaat, tey
dajale meññeef mi ngir texe gu sax dàkk,
ba jikat bi ak góobkat bi bokk bég.

* **4.24 *Yàlla xel la:*** Kàddug Yàlla nee na, Yàlla xel la, leer la, cofeelu neen la. Seetal ci 1.Yowaan 2.4. † **4.25 *Ki ñu fal:*** moom lañuy wax Kirist itam ci làkku gereg.

37 Loolu lañu léeb te muy dëgg, ne: “Kenn ji, keneen góob.”
38 Man maa leen yebal ngir ngeen góob fu ngeen ñaqul woon, yeen. Ñeneen a fa ñaq, ngeen dikk jariñoo seenu ñaq.»

*Waa Samari ñu bare gëm nañu Yeesu*

39 Dëkk boobu, niti Samari ñu baree fa gëm Yeesu, ndax kàddug ndaw sa seede woon ci Yeesu, ne: «Wax na ma mboolem lu ma def.»
40 Moo tax ba waa Samari dikkee ca Yeesu, dañu koo ñaan, ngir mu dal ak ñoom. Toog na fa ñaari fan.
41 Ci kaw loolu ñu gëna bare gëm ko ndax kàddoom.
42 Ñu wax ndaw sa nag ne ko: «Dootul li nga wax a nu taxa gëm, waaye nun noo déggal sunu bopp, ba gis ne kii moo di Musalkatub àddina bi.»

*Yeesu faj na doomu dagu buur*

43 Gannaaw ñaari fan yooyu la fa Yeesu jóge, jëm diiwaanu Galile,
44 ndax Yeesu ci boppam moo noon: «Ab yonent, réewu boppam, deesu ko fa nawe.»
45 Ba mu agsee Galile, waa Galile dalal nañu ko, ndax gis nañu mboolem la mu defoon ca Yerusalem, ca màggalu bésub Mucc ba, ndax ñoom itam demoon nañu ca màggal ga.
46 Ci kaw loolu mu délsi Kana gu Galile, dëkk ba mu soppee woon ndox ma biiñ. Amoon na fa ab dagu buur bu doomam wopp ca dëkk ba ñuy wax Kapernawum.
47 Ba mu déggee ne Yeesu jóge na Yude, ba agsi Galile, dafa dem ca moom, ñaan ko mu dikk, wéral doomam, ndax booba ma ngay waaja dee.
48 Yeesu ne ko: «Su ngeen gisul ay firnde ak kéemaan daal, dungeen gëm!»
49 Dagu buur bi ne ko: «Sang bi, dikkal, bala sama doom a dee!»
50 Yeesu ne ko: «Demal, sa doom a ngi dund.» Waa ja gëm kàddu ga ko Yeesu wax, daldi dem.
51 Naka lay dellu këram, ay surgaam gatandu ko, ne ko: «Sa doom a ngi dund!»
52 Mu laaj leen wan waxtu la tane, ñu ne ko: «Démb, ci benn waxtu ci bëccëg, la tàngooru yaram teqalikoo ak moom.»
53 Baay ba nag xam ne ca waxtu woowa la ko Yeesu noon: «Sa doom a ngi dund.» Ca la gëm Yeesu, moom ak waa këram gépp.
54 Lii moo di ñaareelu firnde ba Yeesu def ca Galile, gannaaw ba mu jógee Yude.

# 5

*Yeesu faj na ab jarag*

1 Gannaaw loolu, ag màggal la Yawut ya xewle woon, ba tax Yeesu dem Yerusalem.
2 Ca Yerusalem nag, fa feggook buntu dëkk ba ñu dippee buntu Xar ya, ab déeg a nga fa woon, ñu di ko woowe ci làkku yawut, Betesda, te juróomi mbaar a nga fa woon.
3 Ci mbaar yooyu la jarag ju bare daan tëdd; ay gumba, ay làggi aki lafañ, di xaar ndox mi yëngu,
4 ndax am malaakam Boroom bi lañu foogoon ne daan na fa wàcc ci yenn bés, te bu ndox ma yëngoo, jarag bu jiitu ca biir ndox ma, wopp joo amoon, day wér ca saa sa.
5 Jenn waay a nga fa woon, fanweeri at ak juróom ñett la nekk ak woppam.
6 Kooku la Yeesu gis mu tëdd, mu xam ne yàgg na fa. Mu ne ko: «Ndax bëgg ngaa wér?»
7 Jarag ji ne ko: «Sang bi, damaa amul ku ma sóob ci ndox mi, bu yëngoo. Bu ma cay jëm, keneen jiitu ma, tàbbi ca.»
8 Yeesu ne ko: «Jógal, jël sa basaŋ te dox.»
9 Mu wér ca saa sa, jël basaŋam, daldi dox.
Bés booba bésub Noflaay la woon.
10 Loolu nag tax njiiti Yawut ya ne nit kay doora wér: «Tey bésub Noflaay la, mayeesu la nga gàddu sa basaŋ.»
11 Mu ne leen: «Ki ma wéral moom moo ma ne: “Jëlal sa basaŋ te dox.”»
12 Ñu ne ko: «Ana nit ku la ne: “Jëlal sa basaŋ te dox”?»
13 Waa ji nag xamul ka ko wéral ku mu doon, te fekk na Yeesu dem ba réer ca biir mbooloo mu bare ma teew foofa.
14 Gannaaw loolu Yeesu dajeek moom ca kër Yàlla ga, ne ko: «Ma ne, léegi wér nga. Bul bàkkaarati nag, bala laa lu ko yées di dikkal.»

*Ab sañ-sañ ñeel na Doomu Yàlla ji*

15 Ba loolu amee waa ja dem, ne Yawut
ya Yeesu moo ko wéral,
16 ba loolu tax Yawut ya di bunduxataal
Yeesu, ndax bésub Noflaay ba mu ko defe.
17 Teewul Yeesu ne leen: «Sama Baay a
saxoo liggéey, man itam may liggéey.»
18 Kàddu googu nag tax njiiti Yawut yi
gën koo wuta rey, ndax du ndigalu bésub
Noflaay bi mu xëtt doŋŋ, waaye itam la
mu ne Yàlla mooy Baayam, di nawlante ak
Yàlla.
19 Yeesu dellu ne leen: «Maa leen ko wax
déy ci lu wér, Doom ji manula def dara ci
jëmmu boppam, lu moy li mu gis Baay bi
def ko, ndax lu mu def, loolu itam la Doom
ji di def.
20 Baay bi moo sopp Doom ji, ba won ko
lépp lu muy def, te jëf ju raw jii la koy won,
ngir ngeen waaru,
21 ndax kat, ni Baay bi di dekkale ñi dee,
dundal leen, noonu la Doom jiy dundale
ku mu namma dundal.
22 Baay bi du àtte kenn; Doom ji la dénk
àtte bi bépp,
23 ngir ñépp teral Doom ji, ni ñu terale
Baay bi. Ku teralul Doom ji, teraloo Baay
bi ko yónni.
24 «Maa leen ko wax déy ci lu wér, ku
dégg sama kàddu ba gëm ki ma yónni, yaa
texe ba fàww, te àtte ba, doo ca jaare,
waaye bàyyikoo nga ci dee, tàbbi ci dund.
25 Maa leen ko wax déy ci lu wér, waxtu
waa ngi ñëw, te léegi la; mooy waxtu wi ñi
dee di dégg baatu Doomu Yàlla, te ñi ko
dégg ñooy dundaat.
26 Ndax kat ni Baay bi jagoo dund ci
jëmmu boppam, noonu la maye Doom ji
mu jagoo dund ci jëmmu boppam,
27 te sañ-sañu amal àtte bi itam, moom la
ko jox, ndax mooy Doomu nit ki.
28 «Bu leen ci dara jaaxal; waxtoo ngi
ñëw wu mboolem ñi ci biir bàmmeel, di
dégg baatam,
29 ba génn; ñi daan def lu baax añe
ndekkitel dund, ñi daan def lu bon añe
ndekkitel mbugal.
30 Man, manumaa def dara ci sama
jëmmu bopp; ni ma dégge rekk laay àttee, te
sama àtte jub na, nde sàkkuwuma sama
coobarey bopp, xanaa coobarey ki ma
yónni.

### *Sañ-sañu Yeesu am na ay firnde*

31 «Su ma seedeelee sama bopp, sama
kàddug seede wérul.
32 Keneen a ma seedeel, te xam naa ne
dëgg la ma seedeel.
33 «Yeena yónnee ca Yaxya, Yaxya seede
dëgg.
34 Man nag soxlawuma seedes nit;
waaye dama leena wax lii ngir ngeen
mucc.
35 Yaxya moo doon làmp buy tàkk, di
leer, ngeen bége leeram ay fan.
36 «Waaye man ci sama bopp maa ngeek
seede su raw si ma Yaxya seedeel, ndax
liggéey yi ma Baay bi dénk, ngir ma sottal
ko, liggéey yooyu may liggéey moo may
seedeel ne Baay bi moo ma yebal.
37 Baay bi ma yónni, moom ci boppam
seedeel na ma. Masuleena dégg baatam
mbaa ngeen gis kanamam,
38 te kàddoom dëkkul ci seen xol, ndax ki
mu yebal, ngeen gëmul.
39 Yeena ngi gëstu Mbind mi, ndax ci
ngeen yaakaara ame texe gu sax dàkk,
yooyu bind nag far seedeel ma,
40 te bëgguleena ñëw ci man, ba texe!
41 «Ngërëmal nit, sàkkuwuma ko.
42 Waaye yeen, xam naa leen; cofeelu
Yàlla nekkul ci yeen.
43 Man, maa dikk ci sama turu Baay, te
dalaluleen ma, waaye keneen ku dikk ci
turu boppam, kooku ngeen di dalal.
44 Yeen, ngërëm, ci seen biir ngeen koy
sàkkoonte, te sàkkuwuleen ngërëmal Yàlla
miy kenn. Kon ana nu ngeen mana gëme?
45 «Buleen defe ne maa leen di boole ak
Baay bi. Ki leen di boole mooy Musaa, mi
ngeen yaakaar.
46 Bu ngeen gëmoon Musaa, gëm ma, nde
moom, ci sama mbir la bind*.
47 Waaye su ngeen gëmul bindi Musaa,
nu ngeen di gëme samay wax?»

# 6

### *Yeesu leel na mbooloo*

* **5.46** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 18.15.

1 Gannaaw loolu Yeesu jàll ca wàllaa
dexu Galile, ga ñuy wax dexu Tiberyàdd
itam.
2 Mbooloo mu bare topp ca moom, ndax
ñoo gis firnde ya mu wérale jarag ya.
3 Yeesu yéeg ca kaw tund wa, daldi toog
foofa ak ay taalibeem.
4 Booba màggalu Yawut ga ñuy wax
bésub Mucc, jubsi na.
5 Yeesu dawal bëtam, gis mbooloo mu
réy mu dikk, jëm ca moom. Mu ne Filib:
«Fu nuy jële mburu mu nu leen leele?»
6 Loolu nag da koo wax ngir seetlu Filib,
ndax moom ci boppam xamoon na la mu
nar.
7 Filib ne ko: «Peyug juróom ñetti weer
sax jëndul mburu mu leen doy, ba kenn ku
nekk ci ñoom am ci ndog su tuut.»
8 Àndre, keneen ca taalibe ya, te bokk ak
Simoŋ Piyeer ndey ak baay, ne ko:
9 «Ab xalee ngi fi de, am na juróomi
mburu* ak ñaari jën, waaye loolu lu mu
jariñ ñu tollu nii?»
10 Yeesu daldi ne: «Toogalleen nit ñi.» Ñax
mu baree nga woon ca béreb booba. Góor
ña nag toog, seenub lim wara tollu ci
juróomi junni (5 000).
11 Yeesu jël mburu ya, yékkati kàddug
cant, daldi ko séddale ña fa toog. Jën ya
itam noonu, ñu lekk ba doyal.
12 Ba ñu lekkee ba regg, Yeesu ne
taalibeem ya: «Dajaleleen desiti mburu mi,
ba dara du ci yàqu.»
13 Ñu dajale ba feesal fukki pañe ak ñaar
ci dogi juróomi mburu ya ñu lekk ba desal.
14 Ba nit ña gisee firnde jooju Yeesu def,
dañu ne: «Kii daal, dëgg-dëgg mooy Yonent
bi dikk ci àddina†!»
15 Yeesu nag gis ne dañoo nara dikk, jàpp
ko yóbbu, ngir fal ko buur, mu daw dellu,
moom kenn ca tund wa.

### *Yeesu dox na ci kaw ndox*

16 Ba jant sowee, taalibeem ya dem ca
tefes ga.
17 Ci kaw loolu ñu dugg gaal, ngir jàll jëm
Kapernawum, ndax booba lëndëm na te
Yeesu agseegul.
18 Dex ga nag yëngu lool, ndax ngelaw lu
jóg ak doole.
19 Ba taalibe ya joowee lu tollook
juróomi kilomet ba juróom benn, Yeesu
lañu séen, muy dox ca kaw dex ga, jëm ca
gaal ga, ñu daldi tiit.
20 Yeesu ne leen: «Man mii la, buleen
tiit!»
21 Ñu door koo nangoo dugal ca gaal ga.
Ci kaw loolu gaal ga teeri ca saa sa, fa ñu
jëm.
22 Ca ëllëg sa mbooloo ma des ca geneen
wàllaa dex ga, seetlu ne genn gaal doŋŋ a
fa nekkoon, te Yeesu àndul woon ak taalibe
ya ca gaal ga ñu dugg, waaye taalibe ya
rekk a dem.
23 Gannaaw gi la yeneen gaal jóge
Tiberyàdd, teersi fa feggook béreb ba nit ña
lekke woon mburu ma, gannaaw ba Sang
bi yékkatee kàddug cant.
24 Ba mbooloo ma gisee nag ne Yeesu ak
taalibe ya, kenn nekku fa, gaal yooyu lañu
dugg, dem seeti ko Kapernawum.

### *Yeesu mooy ñamu dund*

25 Ci kaw loolu ñu fekk Yeesu ca geneen
wàllaa dex ga, ne ko: «Kilifa gi, kañ nga fi
ñëw?»
26 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax déy ci
lu wér, yeen du firnde yi ngeen gis a tax
ngeen di ma seet, waaye mburu mi ngeen
lekk ba regg moo tax.
27 Ñam wuy yàqu, bumu leen taxa
liggéey; liggéeyalleen ñam wi sax, ñam wiy
texeel fàww, te Doomu nit ki moo leen koy
jox, ndax moom la Yàlla màndargaal, ngir
firndeel ne moom la tànn.»
28 Ñu ne ko: «Ana lu nuy def, ba jëfe jëf ji
neex Yàlla?»
29 Yeesu ne leen: «Jëf ji neex Yàlla, mooy
ngeen gëm ki mu yebal.»
30 Ñu ne ko: «Jan firnde ngay def, nu gis
ba gëm la? Ana jëf joo nu mana defal?
31 Sunuy maam de, mànn lañu dunde ca
màndiŋ ma, te noonu lañu binde ne:
“Peppum asamaan la leen leel‡.”»
32 Yeesu neeti leen: «Maa leen ko wax
déy, ci lu wér, du Musaa moo leen jox ñamu

* **6.9** ***mburu:*** mburu yu ndaw lañu, yu ñu defare sunguful lors. Moo doon lekku ñi néew doole. † **6.14** ***Yonent bi:*** seetal ci *Baamtug yoon wi* 18.15. ‡ **6.31** Seetal ci *Taalifi cant* 78.24; *Mucc ga* 16.

asamaan, sama Baay la, te moo leen jox
tey ñamu asamaan dëgg.
33 Ndaxte ñamu Yàlla mooy ki wàcce
asamaan te kooku moo may àddina ñu
dund.»
34 Ñu ne ko nag: «Sang bi, dee nu may saa
su ne ci woowu ñam!»
35 Yeesu ne leen: «Man maay ñam wiy
joxe dund. Ku ñëw ci man, doo xiif mukk;
te ku ma gëm, doo mar mukk.
36 Waaye wax naa leen ko; gis ngeen ma,
te taxul ngeen gëm!
37 Képp ku ma Baay bi jox dina ñëw, te
man, ku ñëw ci man, duma ko dàq mukk.
38 Def sama coobarey bopp taxul ma
wàcce fa asamaan, waaye def coobarey ki
ma yónni moo tax.
39 Ki ma yónni nag, coobareem moo di
mboolem ñi mu ma jox, buma ci ñàkk
kenn, waaye naa leen dekkal kera bés bu
mujj ba.
40 Ndax sama coobarey Baay kat moo di
képp ku gis Doom ji te gëm ko, na texe ba
fàww, te maa koy dekkal keroog bés bu
mujj ba.»
41 Yawut ya nag di ñurumtoo Yeesu, ndax
la mu ne: «Man maay ñam wi wàcce fa
asamaan.»
42 Ñu naan: «Xanaa kii du Yeesu, doomu
Yuusufa? Nun, nu xam baayam, xam
ndeyam. Ana nu mu mana waxe ne
asamaan la jóge?»
43 Yeesu ne leen: «Baleen ñurumtu bi ci
seen biir.
44 Kenn manula ñëw ci man te Baay bi
ma yónni indiwu ko; te ku ñëw ci man,
maa koy dekkal kera bés bu mujj ba.
45 Bindees na ci téerey yonent yi ne:
"Ñoom ñépp ay jànge ci Yàlla§." Kon nag
képp ku dégg Baay bi, ba déggal àlluwaam,
dina ñëw ci man.
46 Tekkiwul ne kenn mas naa gis Baay
bi. Xanaa ki bawoo fa Yàlla, kookoo gis
Baay bi.
47 Maa leen ko wax dëy, ci lu wér, ku
gëm, yaa texe ba fàww.
48 Man maay ñam wiy joxe dund.
49 Seeni maam a lekk mànn ca màndiŋ
ma, te dee nañu.
50 Waaye ñam wii mooy wi wàcce fa
asamaan, ngir ku ko lekk, du dee.
51 Man maay ñam wiy dund te wàcce fa
asamaan. Ku lekk ci wii ñam, mooy texe
ba fàww. Ñam woowu nag mooy samaw
suux; maa ko joxe, ngir àddina dund.»
52 Ci kaw loolu Yawut ya di werante
werante wu tàng ci seen biir naan: «Ana nu
nu kii mana joxee aw suuxam, nu lekk?»
53 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax dëy ci
lu wér, bu ngeen lekkul ci suuxu Doomu
nit ki, naan deretam, amuleen dund ci
seen jëmmi bopp.
54 Képp ku lekk samaw suux, naan sama
deret, texe nga ba fàww, te maa lay dekkal
kera bés bu mujj ba.
55 Ndaxte sama yaram mooy ñam wi
wóor, sama deret di naan gi wóor.
56 Képp ku lekk sama suux, naan sama
deret, ci man lay dëkk, ma dëkk ci moom.
57 Ni ma Baay biy dund yebale, te may
dund ndax moom, noonu la ki ma lekk di
dunde ndax man.
58 Woowu ñam mooy wi wàcce fa
asamaan; bokkul ak ñam wa seeni maam
lekkoon te teewuleena dee. Ku lekk wii
ñam, yaay texe ba fàww.»
59 Baat yooyu la Yeesu wax, ba muy
jàngale ca jàngub Yawut ba, ca
Kapernawum.

### *Taalibey Yeesu yu bare xàcc nañu*

60 Taalibey Yeesu yu bare, ba ñu déggee
loolu, dañu ne: «Gii kàddooka jafe! Ana ku
ko mana dégg?»
61 Yeesu nag yég ci boppam ne
taalibeem yaa ngi ñurumtoo loolu. Mu ne
leen: «Xanaa kàddu gii mbetteel la leen def?
62 Kon bés bu ngeen gisee Doomu nit kiy
yéeg jëm fa mu njëkkoona nekk nag?
63 Noowug Yàlla mooy dundloo; nitu
suuxu neen manul dara. Kàddu gi ma leen
wax moo leen di jottali Noowug Yàlla giy
taxa dund.
64 Waaye am na ñenn ñu bokk ci yeen, ñu
gëmul.»
Ndax kat Yeesu xamoon na ca njàlbéen
ñan ñooy ña gëmul woon, ak kan mooy ka
koy wor.

§ **6.45** Seetal ci *Esayi* 54.13.

65 Mu teg ca ne: «Looloo tax ma ne leen
kenn manula ñëw ci man, te du Baay bi
moo ko ko may.»
66 Booba la taalibeem yu bare dëpp,
àndatuñu ak moom.
67 Yeesu nag ne fukki taalibe yaak ñaar:
«Yeen itam bëgg ngeena dem am?»
68 Simoŋ Piyeer ne ko: «Sang bi, ci kan
lanu jëm? Kàddu giy texeel fàww, yaa ko
yor!
69 Nun gëm nanu te rààññee nanu ne yaa
di Aji Sell ju Yàlla ji.»
70 Yeesu ne leen: «Xanaa du man maa
leen tànn, yeen Fukk ak ñaar? Ndaxam
kenn a ngi bokk ci yeen te ab seytaane la!»
71 Yuda doomu Simoŋ Iskaryo la doon
wax, ndax mooy ka ko doon waaja wor, te
ca Fukk ñaak ñaar la bokkoon.

# 7

### *Yeesu dem na ca màggalu Mbaar ya*

1 Gannaaw loolu Yeesu diiwaanu Galile
la doon wër. Bëggul woona doxe biir
diiwaanu Yude, ndax njiiti Yawut ya ñoo
ko doon wuta rey.
2 Ci biir loolu màggalu Yawut gi ñuy wax
Mbaar yi, jubsi.
3 Rakki Yeesu yu góor ya ne Yeesu:
«Jógeel fii te dem diiwaanu Yude, ngir say
taalibe, ñoom itam, gis jaloore yi ngay def.
4 Kenn du jëfe biir kumpa tey wuta feeñ.
Gannaaw yaay def yii jaloore, wonal sa
bopp àddina,»
5 ndax booba ay rakkam sax gëmuñu ko
woon.
6 Yeesu ne leen: «Sama waxtu jotagul;
yeen nag, seen waxtu bopp, bés bu nekk
la.
7 Àddina du leen mana bañ, waaye man
la bañ, ndax maa koy seedeel ne ay jëfam
dafa bon.
8 Yeen nag demleen màggal ga, man
demuma ca màggal googu, ndax sama
waxtu jotagul.»
9 Loolu la leen wax, daldi des ca Galile.
10 Teewul ba rakki Yeesu demee ca
màggal ga, Yeesu itam dem na ca, waaye
siiwalul aw yoonam, daanaka daa làqu.
11 Yawut ya nag di ko seet, naan: «Ana
waa ji?»
12 Ci kaw loolu déeyoo bi ci mbiram bare
ca mbooloo ma. Ñii naan: «Nit ku baax la.»
Ñee naan: «Déedéet, day naxe.»
13 Waaye taxul kenn waxe mbiram ca
kaw, ndax ragal njiiti Yawut ya.

### *Yeesu jàngale na ca màggal ga*

14 Ba ñu demee ba ca diggu màggal ga,
Yeesu dem ca kër Yàlla ga, di jàngale.
15 Yawut ya jaaxle, naan: «Kii nu mu
ame bii xam-xam te jàngul?»
16 Yeesu daldi leen wax ne leen: «Li may
jàngale, moomuma ko, ki ma yebal a ko
moom.
17 Ku namma jëfe coobarey Yàlla, dina
xam ndax li may jàngale ci Yàlla la jóge, am
ci sama coobarey bopp laay waxe.
18 Kiy wax ci coobarey boppam nag,
darajay boppam lay sàkku, waaye ki bëgga
fésal darajay ki ko yónni, kooku ku dëggu
lay doon, te ag njubadi du nekk ci moom.
19 Xanaa du Musaa moo leen jox ndigali
yoon wi? Ndaxam kenn ci yeen jëfewul
yoon wi! Ana lu ngeen may wuta rey?»
20 Mbooloo ma ne ko: «Yaw rab a la jàpp!
Ku lay wuta rey?»
21 Yeesu ne leen: «Jenn jaloore doŋŋ laa
def, yeen ñépp ngeen waaru!
22 Ndigalu xarafal gi leen Musaa jox,
doonte jógewul ci Musaa, waaye cay maam
la ba tey, tax na ngeen di xarafale ci bésub
Noflaay sax.
23 Gannaaw nit ay xaraf ci bésub
Noflaay, ngir yoonu Musaa baña tebbiku,
ana lu ngeen ma meree ndax nit ku ma
wéral péŋŋ ci bésub Noflaay?
24 Bàyyileen di àttee li leen seen bët may,
deeleen àttee dëgg.»

### *Ndax Yeesu mooy Almasi bi?*

25 Ci kaw loolu ñenn ci waa Yerusalem
naan: «Xanaa du kii lees di wuta rey?
26 Te mu ngii ne fàŋŋ di waare, te
waxuñu ko dara. Xanaa sunu kilifa yi
dañoo xam ne kii mooy Almasi bi?
27 Moonte kii, xam nanu fu mu bokk, te
su Almasi bi dikkee, kenn du xam fu mu
bokk.»
28 Ci kaw loolu Yeesu di jàngale ca kër
Yàlla ga, daldi biral ne: «Kon xam ngeen
ma, xam fi ma bokk? Ndaxam du ci sama

coobarey bopp laa dikke, te ki ma yónni,
ku wóor la. Yeen nag xamuleen ko.
29 Man maa ko xam, ndax ci moom laa
bàyyikoo, te moom moo ma yebal.»
30 Ba mu ko defee ñu di ko wuta jàpp,
waaye kenn tegu ko loxo, ndax waxtoom
moo jotagul woon.
31 Teewul ñu bare ca mbooloo ma gëm
ko, te naan: «Almasi bi sax, bu dikkee, ndax
dina def firnde yu ëpp firnde yi nit kii
def?»
32 Farisen ya dégg loola mbooloo may
déeyoo ci mbirum Yeesu. Sarxalkat yu
mag ya ak Farisen ya daldi yebal ay
wattukati kër Yàlla ga, ngir ñu jàppi ko.
33 Yeesu nag ne: «Diir bu gàtt laay
toogaat ak yeen, doora dem ca ki ma yónni.
34 Dingeen ma seet, waaye dungeen ma
gis; te man fa may nekk, yeen, dungeen fa
mana dem.»
35 Yawut ya naan ca seen biir: «Kii fu
muy waaja jëm, fu ñu ko dul gise? Xanaa
ca Yawut ya dëkki ca jàmbur ña? Xanaa
jàmbur ña lay jàngali?
36 Ak luy tekkitel kàddu gii mu wax, ne:
“Dingeen ma seet, waaye dungeen ma gis;
te man fa may nekk, yeen dungeen fa
mana dem?”»
37 Bés ba mujj ca màggal ga nag moo ca
gënoona màgg. Keroog la Yeesu taxaw,
àddu ca kaw ne: «Ku mar, na ñëw ci man,
naan;
38 ku ma gëm, ay dex ay balle cib
dënnam, di wal ndox muy dund! Te noonu
la ko Mbind mi indee.»
39 Booba Noowug Yàlla la doon wax, Noo
ga gëmkati Yeesu doon waaja jot, te
jotaguñu ko woon, ndax booba, Yeesoo
tàbbeegul woon ci teraangaam.
40 Ba ñenn ca mbooloo ma déggee kàddu
yooyu, dañu ne: «Aylayéwén kii mooy
Yonent bi.»
41 Ñeneen naan: «Kii mooy Almasi bi!»
Teewul mu am ñu naan: «Galile, nu fa
Almasi biy jógee?
42 Du Mbind mi moo wax ne, Almasi bi
ci xeetu Daawuda lay soqikoo, ca
Betleyem, dëkk ba Daawuda fekk baax*?»
43 Féewaloo nag am ca mbooloo ma ndax
Yeesu.
44 Ñenn ca ñoom bëggoon nañu koo jàpp,
waaye kenn tegu ko loxo.

### *Njiiti Yawut yi gëmuñu Yeesu*

45 Ba loolu amee wattukat ya dellu ca
sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya. Ñooñu
ne leen: «Lu tax indiwuleen ko?»
46 Wattukat ya ne leen: «Nit masula
waxe ni kii!»
47 Farisen ya ne leen: «Kon yeen itam
nax nañu leen a?
48 Ndax yeena gis ci njiit yi mbaa ci
Farisen yi, kenn ku ko gëm?
49 Xanaa mbooloo mii xamul yoonu
Musaa, te ñu alku lañu!»
50 Nikodem bokk na ca Farisen ya fa
nekkoon, te demoon na seeti Yeesu lu jiitu
loolu. Mu ne leen:
51 «Sunuw yoon ndax dina daan nit te
njëkkeesu koo déglu, boole ci xam lu mu
def?»
52 Ñu ne ko: «Xanaa yaw itam ci
diiwaanu Galile nga bokk? Gëstul, kon
dinga xam ne Galile, ab yonent du fa
feeñe.»
53 Ba loolu amee ku nekk ñibbi këram.

# 8

### *Jigéenu njaalookat mucc na ci ab daan*

1 Yeesu moom, dem ca tundu Oliw ya.
2 Ca ëllëg sa ca njël, mu dellu ca kër Yàlla
ga, ña fa nekk ñépp dikk, mu toog, di leen
jàngal.
3 Firikati yoonu Musaa ya ak Farisen ya
nag indi as ndaw su ñu jàppoon ci njaaloo,
taxawal ko ca diggu mbooloo ma.
4 Ñu ne Yeesu: «Kilifa gi, ndaw sii, dañu
koo jàpp ci njaaloo.
5 Ci sunuw yoon nag, Musaa moo
santaane ne jigéen ñii, dees leen di sànni ay
xeer ba ñu dee. Yaw nag, ana loo ciy wax?»
6 Kàddu googu dañu ko ko doon seetloo,
ba am lu ñu ko tiiñale. Teewul Yeesu sëgg,
di bind ak baaraamam ci suuf.
7 Naka lañu ko toppe ay laaj, mu siggi ne
leen: «Ku masula bàkkaar ci yeen, na njëkka
sànni ndaw si xeer.»
8 Ci kaw loolu mu sëggaat, di rëdd ci suuf.
9 Ba nit ña déggee loolu, kenn-kenn lañu
rocceeku, ña gën di mag jiitu. Yeesu doŋŋ
a fa des, mook ndaw sa fa taxaw.

* **7.42** Seetal ci *Mise* 5.1; *Taalifi cant* 89.4-5.

10 Mu daldi siggi ne ko: «Ndaw sii, ana nit
ñi? Kenn joxu la ci sab daan?»
11 Mu ne ko: «Kenn, Sang bi.» Yeesu ne
ko: «Man it duma la daan. Demal, te bul
bàkkaarati.»

### *Li Yeesuy wax mooy dëgg*

12 Yeesu waxati leen ne leen: «Man maay
leeru àddina. Ku ma topp doo dox cig
lëndëm, waaye leeru dund ngay am.»
13 Farisen ya ne ko: «Yaw yaa seedeel sa
bopp, kon li nga wax wérul.»
14 Yeesu ne leen: «Maa seedeel sama
bopp, te teewul sama kàddug seede di lu
wér, ndax xam naa fa ma bàyyikoo, xam fa
ma jëm. Yeena xamul fa ma bàyyikoo ak fa
ma jëm.
15 Yeen, seen bindu suuxu neen ngeen
di àttee ab daan; man nag duma àttee kenn
ab daan.
16 Teewul nag, su ma dee àtte, samab
àtte dëgg lay doon, nde du doon man doŋŋ,
waaye maak Baay bi ma yebal lay doon.
17 Te itam bindees na ci seenu yoon ne
seedes ñaari nit mooy li wér*.
18 Man may kenn, seedeel sama bopp, te
Baay bi ma yónni itam seedeel na ma.»
19 Ñu ne ko: «Kuy sa baay?» Yeesu ne
leen: «Xamuleen ma, xamuleen sama Baay.
Su ngeen ma xamoon, xam ko, moom
itam.»
20 Ba Yeesu di wax loolu, ma ngay jàngale
ca béreb ba ñuy denc xaalisu sarax, ca kër
Yàlla ga. Booba kenn jàppu ko, ndax
waxtoom a jotagul woon.
21 Yeesu neeti leen: «Man, maa ngi dem;
dingeen ma seet, waaye seen bàkkaar
ngeen di deewaale. Man, fa ma jëm, yeen
dungeen fa mana dem.»
22 Yawut ya nag naan: «Xanaa day
xaruji? Ndax kat nee fa mu jëm, dunu fa
mana dem!»
23 Yeesu ne leen: «Yeen, fu suufe fii
ngeen bokk, waaye man fa kaw laa bokk.
Yeen, ci àddina ngeen bokk, waaye man
bokkuma fi àddina sii.
24 Moo tax ma ne leen, seeni bàkkaar
ngeen di deewaale. Ndax kat su ngeen
gëmul ne maay Ki nekk†, seeni bàkkaar
ngeen di deewaale.»
25 Ñu ne ko: «Yaw yaay kan?» Yeesu ne
leen: «Xanaa ki ma leen waxoon ca
njàlbéen.
26 Am naa lu bare lu ma mana wax ci
yeen ak lu ma leen àttee. Waaye ki ma
yónni, ku dëggu la, te man, li ma dégge ci
moom doŋŋ laay àgge àddina.»
27 Booba xamuñu ne ci Yàlla Baay bi la
leen di wax.
28 Yeesu nag ne leen: «Bu ngeen yékkatee
Doomu nit ki, dingeen xam ne man maay
Ki nekk‡, te duma def dara ci sama wàllu
bopp, waaye li ma Baay bi jàngal rekk laay
wax.
29 Te it ki ma yónni moo ànd ak man;
bàyyiwu ma, ma wéet, ndax man, li ko
neex doŋŋ laay def.»
30 Ñu bare, ba ñu déggee Yeesu muy wax
loolu, ca lañu ko gëm.

### *Yeesu ŋàññ na waa kër Ibraayma*

31 Yeesu moo waxoon Yawut yi ko
gëmoon ne leen: «Bu ngeen saxee ci sama
kàddu, samay taalibe dëgg ngeen.
32 Su boobaa dingeen xam liy dëgg, te
dëgg gi moo leen di goreel.»
33 Ñu ne ko: «Nun askanu Ibraayma
lanu, masunoo doon jaamu kenn. Kon ana
loo nu naa dees na nu goreel?»
34 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax dëy ci
lu wér, képp kuy bàkkaar, ab jaamu bàkkaar
la.
35 Te ab jaam bokkul ci kër gi ba fàww,
doom a bokk ci kër gi ba fàww.
36 Kon nag su leen Doom ji goreelee,
ngeen diy gor tigi.
37 Xam naa ne askanu Ibraayma ngeen.
Waaye yeena ngi may wuta rey, ndax
sama kàddu ngeen xajoowul.
38 Man, li ma gis ci sama Baay laay wax,
te yeen it li ngeen dégge ci seen baay
ngeen di def.»
39 Ñu ne ko: «Sunu baay Ibraaymaa.»
Yeesu ne leen: «Su ngeen doon doomi
Ibraayma, jëfi Ibraayma ngeen di def.

---

* **8.17** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 19.15. † **8.24** ***maay Ki nekk*** mooy turu Yàlla, wi mu feeñal yonentam Musaa, te ëmb melow Yàlla wu sax. Seetal ci *Mucc ga* 3.14. ‡ **8.28** ***maay Ki nekk:*** seetal ci 8.24.

40 Waaye tey yeena ngi may wuta rey;
man, nit ku leen àgge dëgg gu mu dégge fa
Yàlla. Loolu de Ibraayma defu ko.
41 Yeen, seen jëfi baay ngeen di def.» Ñu
ne ko nag: «Nun de, dunu doomi moykat,
te benn baay doŋŋ lanu am, muy Yàlla.»

### *Doomi Seytaane, jëfi Seytaane*

42 Yeesu ne leen: «Su Yàlla doon seen
Baay, ngeen sopp ma, nde man, fa moom
laa bàyyikoo, dikk. Dikkuma it ci sama
coobarey bopp, waaye moom moo ma
yebal.
43 Lu waral xamuleen sama wax?
Dangeena manula dégg sama kàddu.
44 Yeen ci seen baay Seytaane ngeen
bokk, te seen xemmemtéefi baay ngeen
namma def. Ca njàlbéen la dale di ab
bóomkat. Masula taxaw ci dëgg, ndax dëgg
a nekkul ci moom. Buy fen, jikkoom la
topp, nde mooy fen-kat te di baayu fen.
45 Man nag, dëgg laay wax, moo tax
gëmuleen ma.
46 Kan ci yeen moo mana firndeel ne
bàkkaar naa? Gannaaw dëgg laay wax nag,
lu tax yeen, gëmuleen ma?
47 Ku bokk ci Yàlla, déglu ay kàddoom.
Gannaaw dégguleen nag, bokkuleen ci
Yàlla.»

### *Yeesu junj na darajaam*

48 Yawut ya ne ko: «Xanaa yeyunu nag,
ba nu nee nitu Samari nga, te aw rab a la
jàpp?»
49 Yeesu ne leen: «Man de, aw rab jàppu
ma; sama Baay laay teral, yeen ngeen di
ma teddadil.
50 Man nag, sàkkuwuma sama darajay
bopp, waaye am na ku ma koy sàkkul, te
mooy àtte.
51 Maa leen ko wax déy, ci lu wér, ku
sàmm sama kàddu, doo dee mukk.»
52 Yawut ya ne ko: «Léegi nag wóor nanu
ne aw rab a la jàpp! Ibraayma dee, yonent
yi dee, yaw nga naay: “Ku sàmm sama
kàddu, doo dee mukk!”
53 Ndax yaw yaa gën sunu maam
Ibraayma mi dee, te yonent yi itam dee?
Koo teg sa bopp?»
54 Yeesu ne leen: «Su ma dee darajaal
sama bopp, sama daraja amul solo. Sama
Baay a may darajaal, ki ngeen ne mooy
seen Yàlla.
55 Xamuleen ko nag; man maa ko xam.
Su ma noon xawma ko, di fen-kat ni yeen.
Waaye xam naa ko te kàddoom laay sàmm.
56 Seen baay Ibraayma bànneex bu réy la
doon séentoo sama bés. Gis na ko it, ba am
ci mbégte.»
57 Yawut ya ne ko: «Amaguloo juróom
fukki at, te gis nga Ibraayma!»
58 Yeesu ne leen: «Maa leen ko wax déy ci
lu wér, balaa Ibraaymaa juddu, man maa
nekk§.»
59 Ca lañu for xeer yu ñu ko sànnee, ngir
rey ko. Teewul Yeesu làqu, ba génn kër
Yàlla ga.

## 9

### *Yeesu faj na gumbag judduwaale*

1 Yeesu moo doon dem, ba gis jenn waay
ju judduwaale gumba.
2 Taalibeem ya laaj ko ne ko: «Kilifa gi,
ndax bàkkaaram a ko waral, walla bu
waajuram, ba tax mu judduwaale
gumba?»
3 Yeesu ne leen: «Du bàkkaaram, du
bàkkaaru waajuram a tax. Da di liggéeyu
Yàlla moo wara feeñe ci moom.
4 Danoo wara liggéey liggéeyu ki ma
yónni ci bi muy bëccëg; bu guddee kenn du
liggéey.
5 Li feek maa ngi ci àddina, maay leeru
àddina.»
6 Loolu la Yeesu wax ba noppi, tifli fa
suuf, tooyale ban ba lor wa, daldi diw bàq
ba ca bëti gumba ga,
7 ne ko: «Demal sëlmuji ca bëtu ndoxu
Silowe.» Silowe di firi Ki ñu yónni. Gumba
ga sëlmuji, délsi di gis.
8 Dëkkandoom ya ak ña ko xame woon
yalwaan, naan: «Xanaa du kii moo daan
toog, di yalwaan?»
9 Ñii naan: «Moom la!» Ñee naan:
«Déedéet, da koo niru rekk.» Waa ji ci
boppam ne: «Man la de!»
10 Ñu ne ko: «Lu muri say bët?»
11 Mu ne leen: «Waa ji ñuy wax Yeesu
moo tooyal ban, diw ko ci samay bët, ne
ma: “Demal sëlmuji ca bëtu ndoxu Silowe.”
Ma dem sëlmuji, di gis.»

§ **8.58** Seetal ci 8.24.

12 Ñu ne ko: «Ana waa ji?» Mu ne leen:
«Xawma fu mu nekk.»

### *Ka gumba woon seedeel na Yeesu*

13 Ba mu ko defee ñu yóbbu nit ka gumba
woon ca Farisen ya.
14 Ndeke bésub Noflaay la Yeesu
tooyaloon ban ba, ba muri bëti gumba ga.
15 Loolu nag tax Farisen ya ñoom it, laaj
ko nan la wére bay gis. Mu ne leen: «Ban la
tooyal, diw ko ci samay bët, ma sëlmu, di
gis.»
16 Ñenn ca Farisen ña nag naan: «Nit kii
jógewul fa Yàlla, ndax sàmmul bésub
Noflaay.» Ñeneen ña ne: «Nan la nitu neen
kuy bàkkaar mana defe yii firnde?»
Féewaloo daldi am ca seen biir.
17 Farisen ya dellu wax ak ka gumba
woon, ne ko: «Yaw, loo wax ci moom,
gannaaw yaw la muril say bët?» Mu ne
leen: «Ab yonent la.»
18 Njiiti Yawut ya nag gëmuñu woon ne
waa ja daa gumba woon bay doora gis
noonu. Ñu daldi woolu waajuri ka gumba
woon,
19 laaj leen ne leen: «Kii mooy seen
doom ji ngeen ne gumba la judduwaale?
Ana nu mu wére bay gis léegi?»
20 Waajur ya ne leen: «Xam nanu daal ne
kii sunu doom la, te it gumba la
judduwaale.
21 Waaye nu mu wére bay gis, xamunu
ko; ki ko muril ay bëtam it, nun, xamunu
ko. Laajleen ko, magum jëmm la; moom
dina waxal boppam.»
22 Noonu waajuri waa ja waxe nag,
ragal njiiti Yawut ya moo taxoon, ndax
fekk na njiiti Yawut ya mànkoo ne képp ku
seede ne Yeesu mooy Almasi bi, dees na ko
dàqe ca jàngu ba.
23 Looloo waral waajur ya ne: «Magum
jëmm la, laajleen ko moom.»
24 Farisen ya dellu woo ka gumba woon,
ne ko: «Waxal sa digganteek Yàlla. Nun
xam nanu ne waa jooju nit kuy bàkkaar
la.»
25 Mu ne: «Su dee kuy bàkkaar de,
xawma ci dara. Lenn laa xam: maa
gumba woon, te léegi maa ngi gis.»
26 Ñu ne ko: «Lu mu la defal? Nu mu
muree say bët?»
27 Mu ne leen: «Wax naa leen ko ba
noppi, yeena dégluwul. Lu ngeen bëgg ci
ma di ko waxaat? Xanaa yeen itam
dangeena bëgga doon ay taalibeem?»
28 Ñu daldi ko saaga ne ko: «Yaw yaay
taalibeb kii, waaye nun, taalibey Musaa
lanu.
29 Nun xam nanu ne Musaa la Yàlla
waxal, waaye kii, xamunu fu mu jóge.»
30 Waa ja ne leen: «Loolu kay mooy li
yéeme! Yeen, xamuleen fu mu jóge, te mu
muril ma samay bët!
31 Xam nanu ne kuy bàkkaar, Yàlla du ko
déglu. Waaye ki ragal Yàlla, tey jëfe
coobareem, kooku lay déglu.
32 Ba àddina sosoo ba tey, maseesu la
dégg ku muri bëti gumbag judduwaale.
33 Kon nit kii, su jógewul woon ca Yàlla,
du mana def dara.»
34 Ñu ne ko: «Ndax yaw mi fees ak
bàkkaar, bi nga juddoo ba léegi, yaa nuy
xaali?» Ci kaw loolu ñu dàqe ko ca jàngu
ba.

### *Cilmaxa dëgg, ci xol la*

35 Ba Yeesu déggee ne dàq nañu waa ja
gumba woon, dafa dem ba gis ko, ne ko:
«Yaw, ndax gëm nga Doomu nit ki?»
36 Waa ja ne ko: «Kooku kan la, Sang bi,
ma gëm ko.»
37 Yeesu ne ko: «Gis nga ko; mooy kiy
wax ak yaw.»
38 Mu ne ko: «Gëm naa la, Sang bi,» daldi
koy sujjóotal.
39 Yeesu ne ko: «Man, ab àttee ma taxa
dikk ci àddina sii, ngir ñi dul gis di gis; ñiy
gis, gumba.»
40 Ay Farisen yu taxawoon ca wetam
dégg ca, ne ko: «Xanaa nun it danoo
gumba?»
41 Yeesu ne leen: «Su ngeen gumba
woon, dungeen am bàkkaar, waaye léegi bi
ngeen naa yeena ngi gis, ci ngeen di saxe
ci bàkkaar ba furr.

## 10

### *Yeesu nee ku jaare ci moom, mucc*

1 «Maa leen ko wax déy ci lu wér, ku
duggewul ci buntu wërmbalu xar yi, xanaa
mu yéege feneen, tëb, kooku ab sàcc la, ab
saay-saay la.

2 Waaye ki dugge ci buntu wërmbal bi,
kookooy sàmmub xar yi.
3 Kooku la wattukat biy ubbil, xar yi di
déglu baatam. Mooy woo xari boppam ci
seen tur, génne leen.
4 Bu génnee xaram yépp ba noppi, da
leen di jiitu, ñu topp ci moom, ndax
xàmmee nañu baatam.
5 Ab jàmbur nag, duñu ko topp mukk;
dañu koy daw kay, ndax xàmmeewuñu
baatub jàmbur.»
6 Léeb woowu la Yeesu léeb ci kanamu
nit ñi, waaye ñoom xamuñu la mu leen
wax.
7 Ci kaw loolu Yeesu neeti: «Maa leen ko
wax dëy ci lu wér, man maay buntu
wërmbalu xar yi.
8 Mboolem ñi ma jiitu, ay sàcc aki
saay-saay lañu, waaye xar yi dégluwuñu
leen.
9 Man maay bunt bi; ku dugge ci man,
dinga mucc, di dugg aka génn, di gis
mbooy goo fore.
10 Ab sàcc moom, dara indiwu ko lu moy
sàcc aka rey aka yàq. Man maa ñëw, ngir
nit ñi dund dund gu naat.
11 «Man maay sàmm bi baax*. Sàmm bu
baax, bakkanam lay joxe, jote ko ay
xaram.
12 Kuy sàmmaan di feyeeku te dub sàmm,
moomuli xar; bu séenee bukki buy dikk,
day bàyyi xar ya, daw, bukki ba jàpp ca,
tasaare la ca des.
13 Ab sàmmaan kuy feyeeku rekk la,
xalaatul xar ya, moo tax muy daw.
14 «Man maay sàmm bi baax. Maa xam
sama xari bopp, ñoom it ñu xam ma.
15 Noonu it laa xame Baay bi, Baay bi
xame ma ni, te maay joxe sama bakkan,
jote ko xar yi.
16 Am naa it yeneen xar yu bokkul ci bii
wërmbal. Ñoom it fàww ma indi leen, te
dinañu dégg sama baat. Su ko defee muy
gennug coggal, di bennub sàmm.
17 Li tax Baay bi sopp ma, moo di sama
bakkan laa joxe, ba man koo jëlaat.
18 Kenn du jële sama bakkan ci man;
man maa koy joxeel sama bopp. Maa ko
saña joxe, maa ko saña jëlaat, te loolu la ma
sama Baay sant.»
19 Féewaloo nag amati ca Yawut ya, ndax
kàddu yooyu.
20 Ñu bare ca ñoom naan: «Aw rab a ko
jàpp! Dafa dof! Lu ngeen koy dégloo?»
21 Ña ca des naan: «Jii wax du waxi ku
rab jàpp. Ndax aw rab man naa muri bëti
gumba?»

## *Yawut ya gàntal nañu Yeesu*

22 Bés ba ñuy baaxantal daloog kër Yàlla
ga la woon ca Yerusalem, yemook
jamonoy sedd.
23 Yeesoo nga doon doxantu ca kër Yàlla
ga, ca mbaar ma ñuy wax Mbaarum
Suleymaan.
24 Yawut ya yéew ko ne ko: «Loo deeti
xaar ci dindil nu kumpa; su dee yaa di
Almasi bi, wax nu lu leer!»
25 Yeesu ne leen: «Wax naa leen ko,
yeena gëmul. Man, jëf ji may def ci sama
turu Baay moo may seedeel.
26 Waaye yeen yeena gëmul, ndax
bokkuleen ci samay xar.
27 Samay xar, sama baat lañuy déglu;
maa leen xam, te man lañuy topp.
28 Man maa leen di texeel ba fàww; duñu
sànku mukk, te kenn du leen foqatee ci
sama loxo.
29 Sama Baay bi ma leen jox, moo gëna
màgg lépp, te kenn manula foqatee lenn ci
loxol Baay bi.
30 Man ak Baay bi benn lanu.»
31 Yawut ya nag foratiy xeer yu ñu ko
sànni, ngir rey ko.
32 Yeesu ne leen: «Jëf ju baax ju bare laa
def ci ndigalal Baay bi. Ana ci yooyu jëf,
jan ngeen ma nara sànnee ay xeer ba rey
ma?»
33 Yawut ya ne ko: «Du jëf ju baax lanu
lay sànneey xeer, ba rey la, waaye dangaa
diir Yàlla mbagg. Yaw ngay nit doŋŋ te
naan yaay Yàlla!»
34 Yeesu ne leen: «Xanaa bindeesul ci
seen téereb yoon, kàddug Yàlla gii: “Dama
ne ay yàlla ngeen†”?
35 Ndegam Yàlla moo woowe “yàlla” ñi
kàddug Yàlla dikkal, te Mbindum kàddoom
maneesu koo toxal,
36 kon man mi Yàlla beral boppam, yebal
ma ci àddina, ana nu ngeen ma mana waxe

* **10.11** Seetal ci *Esekiyel* 34.15-16. † **10.34** Seetal ci *Taalifi cant* 82.6.

ne: “Yaa diir Yàlla mbagg,” ndax li ma ne
maay Doomu Yàlla?
37 Su ma deful sama liggéeyu Baay,
buleen ma gëm;
38 waaye gannaaw moom laay def, su
ngeen ma gëmul sax, gëmleen boog jëf ji,
ngir ngeen xam te ràññee ne Baay baa ngi
ci man, te man it, maa ngi ci Baay bi.»
39 Ñu di ko jéematee jàpp nag, mu far rëcc
leen.
40 Ci kaw loolu Yeesu jàllaat dexu
Yurdan, daldi dem fa béreb ba Yaxya
njëkkoon di sóobe nit ñi, mu dal foofa.
41 Ñu bare nag dikk, fekk ko fa, te naan:
«Yaxya de wonewul jenn firnde, waaye
mboolem lu mu wax ci kii, dëgg la.»
42 Ñu bare gëme ko foofa.

# 11

## *Lu jëm ci deewug Lasaar*

1 Jenn waay a woppoon; ñu di ko wax
Lasaar, di waa Betani, dëkkub Maryaama
ak Màrt, ña mu bokkal ndey ak baay.
2 Maryaama mooy ki sotti woon Sang bi
lajkoloñ, ba fompe ay tànkam kawaru
boppam. Moom la Lasaar mi woppoon di
càmmiñam.
3 Ñaari jigéeni Lasaar yooyu nag yónnee
ca Yeesu ne ko: «Sang bi, sa soppe bi daa
wopp.»
4 Yeesu dégg ca, ne: «Wopp jooju de du
woppi dee, waaye darajay Yàlla lay feeñal,
ba màggale ko Doomu Yàlla ji.»
5 Yeesu nag ku soppoon Màrt la, ak
Maryaama ak Lasaar.
6 Teewul ba mu déggee ne daa wopp,
toogaat na ñaari fan fa mu nekkoon.
7 Gannaaw loolu mu ne taalibe ya:
«Nanu dellu Yude.»
8 Taalibe ya ne ko: «Kilifa gi, yàggul dara
la la fa waa Yude doon wuta sànniy doj
ngir rey la, nga di fa dellu?»
9 Yeesu ne leen: «Xanaa du bëccëg fukki
waxtook ñaar la? Kuy doxe bëccëg, du
fakkastalu, ndax leeru àddina sii muy gis.
10 Waaye kuy doxe guddi, mooy
fakkastalu, ndax ag leer la dul am.»
11 Loolu la Yeesu wax, dal cay teg ne
leen: «Sunu xarit Lasaar nelaw na, waaye
maay dem ba yee ko.»
12 Taalibe ya ne ko: «Sang bi, su dee
nelaw kay, dina mucc.»
13 Li Yeesu waxe noonu mooy Lasaar
dee na, ñoom nag ñu foog ne da ne Lasaar
day nelaw rekk.
14 Ca la leen Yeesu wax lu leer, ne leen:
«Lasaar dee na.
15 Dee gi fekku ma fa, te loolu tax na
maa bég ndax yeen, ngir dina tax ngeen
gëm. Nanu ko seeti.»
16 Ci kaw loolu Tomaa mi ñuy wax Seex
bi, ne bokki taalibeem: «Nanu dem nun
itam, ngir ànd ak moom dee!»

## *Yeesu mooy dekkal, di dundal*

17 Ba Yeesu agsee, fekk na Lasaar am
ñeenti fan ci biir bàmmeel.
18 Betani nag jegewoo na ak Yerusalem,
te diggante bi yées na ñetti kilomet.
19 Yawut yu baree dikkoon kër Màrt ak
Maryaama, ngir dëfal leen ci seen deewug
càmmiñ.
20 Ba Màrt yégee ne Yeesoo ngay ñëw, da
koo gatanduji, te fekk na Maryaama toog
ca kër ga.
21 Màrt ne Yeesu: «Sang bi, soo fi
nekkoon de, sama càmmiñ du dee.
22 Waaye ba léegi sax, xam naa ne loo
ñaan Yàlla, Yàlla may la ko.»
23 Yeesu ne ko: «Sa càmmiñ dina dekki.»
24 Màrt ne ko: «Xam naa ne dina dekki
kera ca ndekkitel bés bu mujj ba.»
25 Yeesu ne ko: «Man maay ndekkite li,
maay dund gi; ku ma gëm, soo deewee it,
dinga dund.
26 Te képp kuy dund te gëm ma, doo dee
mukk. Ndax gëm nga loolu?»
27 Mu ne ko: «Waaw, Sang bi. Man gëm
naa ne yaay Almasi bi, Doomu Yàlla, ki
ñëw ci àddina si.»
28 Loolu la Màrt wax, daldi woowi
Maryaama, ñaarook moom, ne ko: «Kilifa gi
ñëw na, ba di la laaj.»
29 Maryaama dégg loolu, gaaw jóg dem
ca Yeesu.
30 Booba Yeesu agseegul ca biir dëkk ba,
waaye ma nga ba tey fa mu daje woon ak
Màrt.
31 Yawut ya nekk ak Maryaama ca kër
ga, di ko dëfal nag, gis ko na mu nee bërét
génn, ñu topp ko, defe ne day jooyi ca
bàmmeel ba.

32 Ba Maryaama agsee ba gis Yeesu, da
ne gurub cay tànkam ne ko: «Sang bi, soo fi
nekkoon de, sama càmmiñ li du dee.»
33 Ba ko Yeesu gisee muy jooy, Yawut ya
mu àndal itam di jooy, yaramam daw na,
mu jàq.
34 Mu ne leen: «Fu ngeen ko denc?» Ñu
ne ko: «Kaay gis, Sang bi.»
35 Yeesu nag jooy.
36 Yawut ya naan: «Gisleen rekk ni mu ko
bëgge!»
37 Teewul ñenn ca ñoom naan: «Moom mi
muri bëti gumba gi, manul woona fexe
itam ba kii du dee?»
38 Naka la yaramu Yeesu dawati lool,
mu dem ba ca bàmmeel ba, muy pax mu ñu
yatt ciw doj, ube pax mi aw doj.
39 Yeesu ne: «Dindileen doj wi!» Màrt,
jigéenu ki dee ne ko: «Sang bi, fii nu tollu
dina am xet, nde mu ngi ci ñeenti fanam.»
40 Yeesu ne ko: «Xanaa waxuma la ne soo
gëmee, dinga gis màggug Yàlla?»
41 Ñu dindi doj wa. Yeesu xool ca kaw,
daldi ne: «Baay, sant naa la, ndax nangul
nga ma.
42 Man nag xam naa ne saa su nekk
danga may nangul, waaye mbooloo mi fi
teew a ma taxa wax loolu, ngir ñu gëm ne
yaw yaa ma yebal.»
43 Loolu la Yeesu wax, daldi xaacu ca
kaw, ne: «Lasaar, génnal!»
44 Néew bi génn ak càngaayam, tànk yeek
loxo yi lëmëse, kanam ga muure. Yeesu ne
leen: «Tekkileen ko, bàyyi ko mu dem.»

### *Yawut yi jógal nañu Yeesu*

45 Yawut yu bare ca ña ñëwoon kër
Maryaama, ba ñu gisee la Yeesu def, ca
lañu ko gëm.
46 Teewul ñenn ca ñoom dem ca Farisen
ya, ba nettali leen la Yeesu def.
47 Sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya
woo kuréelu àttekat ya, ne leen: «Ana lu
nuy def nag? Ndax nit kii kat a ngi def
firnde yu bare!
48 Su nu ko bàyyee nii, ñépp a koy gëm, te
kon kilifay Room dikk boole sunu béreb bu
sell bi ak sunuw xeet, tas!»
49 Kenn ca ñoom nag ku ñuy wax Kayif te
doon sarxalkat bu mag ba ca at mooma,
ne leen: «Yeen, dangeena xamul dara.
50 Yeen gisuleen sax ne seen njariñ moo
di kenn nit doŋŋ deewal ñépp, ba askan
wépp baña bokk sànku.»
51 Loolu du lu Kayif wax ci sagoom, la
mu doon sarxalkat bu mag ca at mooma,
moo ko taxa jottali kàdduy waxyu yooyu
mu biral, ne Yeesu mooy deewal xeet wi.
52 Te du xeet woowu doŋŋ la ko defal,
waaye da koo def ngir itam dajale doomi
Yàlla yi tasaaroo, ñu doon benn bopp.
53 Bésub keroog nag la njiiti Yawut yi
dogu ci rey Yeesu.
54 Ci kaw loolu Yeesu jaareetul fu ñu koy
gise ca Yawut ña, waaye fa la bàyyikoo,
dem gox ba feggook màndiŋ ma, ca dëkk
ba ñuy wax Efrayim. Foofa la toog aki
taalibeem.
55 Bésub Mucc nag moo jubsi woon, di
màggalu Yawut yi. Ci biir loolu ñu bare jóge
ca dëkki kaw ga, jëm Yerusalem balaa bésu
Mucc baa dikk, ngir setluji fa.
56 Ba mu ko defee ñuy seet Yeesu. Naka
lañu taxaw ca kër Yàlla ga, di wax ca seen
biir, naan: «Lu ngeen ci xalaat? Da dul
ñëw ci màggal gi?»
57 Ci biir loolu sarxalkat yu mag ya ak
Farisen ya joxe ndigal ne képp ku xam fu
Yeesu nekk, na ko xamle, ngir ñu jàpp ko.

## 12

### *Maryaama teral na Yeesu*

1 Ba màggalu bésub Mucc desee juróom
benni fan, ca la Yeesu dikk ba Betani,
dëkkub Lasaar ma mu dekkal.
2 Ñu toggal fa Yeesu ab reer. Màrt moo
taaj, Lasaar di kenn ca ña bokk ak Yeesu
ndab.
3 Maryaama nag indi genn wàllu liitaru
nàrd, diwu nàrd gu xeeñ lu neex te raxul te
jafe njëg lool, sotti ko ca tànki Yeesu, daldi
fomp tànk ya ak kawaru boppam. Kër ga
gépp ne bann ak xetu diw ga.
4 Teewul Yuda Iskaryo miy kenn ci
taalibeem te doon ko waaja wor, daldi ne:

* **12.5 *poseti xaalis*** mooy peyooru benn bésub liggéey ca jamono yooya.

5 «Ana lu waral jaayeesul lajkoloñ jii lu
tollook ñetti téeméeri poseti xaalis*, ngir
jox ko néew-doole yi?»
6 Ba Yuda Iskaryo di wax loolu nag, du
néew-doole yi lay xalaat, waaye ab sàcc la
woon; dencub taalibe ya la yoroon, di
yulli lu ñu ca def.
7 Teewul Yeesu ne ko: «Bàyyil
Maryaama! Bés ba ñu may rob la fàggul
lajkoloñ jii.
8 Néew-doole yi, dingeen ci am ñu nekk
ak yeen ba fàww, waaye man amuleen ma
ba fàww.»
9 Mbooloom Yawut mu réy a dikk ba ñu
yégee ne Yeesoo nga fa, te Yeesu rekk
yóbbuwu leen fa, waaye dañoo bëggoona
gisaale Lasaar ma Yeesu dekkaloon.
10 Sarxalkat yu mag ya nag dogu, nara
rey Lasaar itam,
11 ndax moo waraloon Yawut yu bare
dem, dëddu leen, gëm Yeesu.

## *Yeesu dugg na Yerusalem*

12 Ca ëllëg sa mbooloo mu bare ma dikk
ca màggalu bésub Mucc ba ca Yerusalem,
dañoo yég ne Yeesoo ngay ñëw.
13 Ñu jël cari garab yu ñu koy lalal, daldi
génn gatanduji ko. Ña ngay xaacu naan:
«Osaana!
Na barke wàcc ci ki dikk ci turu Boroom bi,
na barke wàcc ci buurub Israayil†!»
14 Yeesu waajal ag cumbur, war ko‡,
noonu ñu ko binde woon, ne:
15 «Janq Siyoŋ mu taaru, bul tiit.
Niiral, sa buur a la dikkal nii,
am cumbur la war§.»
16 Kàddu yooyu nag, taalibe ya xamuñu
woon ca saa sa lu muy tekki, waaye ba
Yeesu tàbbee ca darajaam, ca lañu fàttaliku
ne loolu lañu bindoon ci moom, te loolu it
lañu ko defal.
17 Mbooloo ma daroon Yeesu, ba muy
woo Lasaar, ba dekkal ko nag, di nettali la
ñu fekke.
18 Moo tax itam mbooloo ma gatandu
ko, ndax yégoon nañu ne googu kéemaan la
def.
19 Farisen yi nag di waxante ci seen biir
naan: «Xoolleen, dara ngeen ci manul;
àddina yépp a ko topp!»

## *Yeesu yégle na ag deewam*

20 Ca mbooloo ma dikkoon jaamusi Yàlla
ca Yerusalem ca màggal ga, ay Gereg ña
nga ca woon.
21 Ñooñoo dikk ba ca Filib ma dëkke
Betsayda ca diiwaanu Galile, ne ko: «Sang
bi, danoo bëgga gis Yeesu.»
22 Filib dem wax ko Àndre; Àndre ak Filib
waxi ko Yeesu.
23 Yeesu wax leen ne leen: «Waxtu wi ñu
wara darajaal Doomu nit ki jot na.
24 Maa leen ko wax dëy ci lu wér, su
feppu bele waddul ci suuf, dee, wéetaay
lay dëkke. Waaye su deewee lay meññ
fepp yu bare.
25 Képp ku bëgg bakkanam moo koy
ñàkk; waaye ku bañ bakkanam ci àddina
sii, moo musal bakkanam ba keroog muy
texe ba fàww.
26 Ku may surgawu, na ma topp; fu ma
nekk, sama surga ne fa moom itam. Ku ma
surgawu nag, sama Baay moo koy teral.
27 «Léegi nag am naa njàqarey xol. Ana lu
may wax? Dama naa: “Baay, musal ma ci
coonob waxtu wii”? Waaye coonob waxtu
wii tembe moo ma taxa dikk!
28 Baay, màggalal saw tur!» Ci kaw loolu
baat dégtu ci asamaan, ne: «Maa koy
màggal, màggalati ko.»
29 Mbooloo ma fa taxaw te dégg baat ba
nag ne: «Yàlla jee dënu!» Ñeneen ña ne:
«Am malaaka moo wax ak moom.»
30 Teewul Yeesu ne leen: «Baat boobu du
maa tax mu jib, waaye yeena tax.
31 Léegi nag àtteb àddina sii jot na; léegi
lees di dàq ca biti kàngam li jiite àddina sii.
32 Man nag kera bu ñu ma yékkatee, jële
ma fi kaw suuf, ñépp laay xëcc, jëme ci
man.»
33 Kàddu yooyu la misaale deewin wa
mu naroona deewe.
34 Mbooloo ma ne ko: «Nun danoo dégge
ci téereb yoonu Musaa bi ne Almasi bi day
sax ba fàww. Kon yaw, noo mane ne:
“Fàww dees na yékkati Doomu nit ki?”
Doomu nit kooku mooy kan sax?»

† **12.13** Seetal ci *Taalifi cant* 118.25-26. ‡ **12.14** ***cumbur:*** ci jamonoy jàmm, jamono yu xeex amul woon, buur yi daan nañu war mbaam, te doonul lu leen di tuutal. § **12.15** Seetal ci *Sàkkaryaa* 9.9.

35 Yeesu ne leen: «Leer gaa ngeegum ci
seen biir ci diggante bu gàtt. Doxleen ci bi
ngeen di am leer, ngir lëndëm bañ leena
bett. Kuy doxe ag lëndëm, xamoo foo jëm.
36 Gëmleen ko ci bi ngeen di am leer, ngir
ngeen doon doomi leer.»

### *Yeesu bërgël na Yawut ya*

Loolu la Yeesu wax, daldi dem làquji
leen.
37 Firnde yu bare la def ci seen kanam te
taxul ñu gëm ko,
38 te noonu la kàddug Yonent Yàlla Esayi
sottee. Mooy ba mu nee:
«Boroom bi, ana ku gëm sunub dégtal?
Dooley loxol Boroom bi, ana ku mu ko
won[*]?»
39 Manuñu woona gëm it, ndax Esayee
neeti:
40 «Yàllaa gumbaal seeni gët,
tëj seenum xel,
ngir seeni gët du gis,
seenum xel du xam,
ngir ñu baña dëpp, ba ma wéral leen[†].»
41 Loolu Esayee ko wax, ndax moo gisoon
darajay Yeesu[‡], bay wax ci mbiram.
42 Teewul sax ñu bare ci njiiti Yawut yi
gëmoon nañu Yeesu, waaye Farisen yee
taxoon biraluñu seen ngëm, ndax ragal ñu
dàqe leen ca jàngu Yawut ba,
43 ndax ngërëmal nit ñi moo leen
gënaloon ngërëmal Yàlla.
44 Yeesu nag àddu ca kaw ne: «Ku ma
gëm, du man nga gëm, waaye ki ma yónni
nga gëm,
45 te ku ma gis, gis nga ki ma yónni.
46 Man maa dikk, di ag leer ci àddina,
ngir ku ma gëm du des cig lëndëm.
47 Ku dégg samay wax te toppu ko, du
man maa koy daan, ndax daan àddina taxu
maa dikk, waaye musal àddinaa ma taxa
dikk.
48 Ku ma xarab ba nanguwul samay
wax, am na ab daan-katam: kàddu gi ma
wax moo koy daan, keroog bés bu mujj ba.
49 Ndax kat du ci sama coobarey bopp
laay waxe, waaye Baay bi ma yónni, moom
ci boppam moo ma sant li may dégtale ak li
may wax.
50 Te xam naa ne ab santaaneem moo
dig texe gu sax dàkk. Moo tax it, li may
wax man, ni ma ko Baay bi dégtale, ni laa
koy waxe.»

## 13

### *Yeesu raxas na tànki taalibeem*

1 Balaa màggalu bésub Mucc baa dikk,
Yeesu xamoon na ne waxtu wa muy
bàyyikoo àddina, jëm fa Baay ba, jot na.
Cofeelu Yeesu ak ñoñam ñi ci àddina, googu
cofeel la leen sopp ba ca muj ga.
2 Ba Yeesu di bokk reer ak taalibe ya,
fekk na Seytaane xiirtal Yuda, doomu
Simoŋ Iskaryo, ci wor Yeesu.
3 Yeesu xamoon na ne lépp la Baay bi teg
ciy loxoom, te it ci Yàlla la jóge, te ci Yàlla la
jëm.
4 Mu jóge nag ca ndabal reer ba, summi
mbubbam mu mag, daldi jël am malaan,
laxasaayoo.
5 Gannaaw loolu mu sotti ndox cib këll,
daldi tàmbalee raxas tànki taalibe ya, di
fompe sér ba mu laxasaayoo.
6 Ba mu agsee ba ca Simoŋ Piyeer,
Piyeer ne ko: «Sang bi, yaw yaa may
raxasal samay tànk?»
7 Yeesu ne ko: «Man li may def nii tey,
xamuloo ko; waaye ëllëg dinga ko xam.»
8 Piyeer ne ko: «Déedéet, doo ma raxasal
samay tànk mukk kay!» Yeesu ne ko: «Su
ma la raxasalul, doo am ci man benn cér.»
9 Simoŋ Piyeer ne ko: «Kon nag Sang bi,
bumu doon samay tànk doŋŋ, waaye na ci
loxo yeek bopp bi bokk far!»
10 Yeesu ne ko: «Ku sangu ba noppi,
soxlaatula raxas lu moy ay tànkam, ndax
set na wecc. Yeen nag set ngeen, waaye du
ñépp.»
11 Booba Yeesu xam na ka koy wor, te
looloo tax mu ne: «Du yeen ñépp a set.»
12 Gannaaw ba leen Yeesu raxasalee
seeni tànk, teg ca solaat mbubbam, ba
toogaat, da leen ne: «Xam ngeen li ma leen
defal?
13 Yeena ngi ma naa Kilifa gi ak Sang bi,
te yeena yey, nde moom laa.
14 Ndegam nag man miy Sang bi, di
Kilifa gi maa leen raxasal seeni tànk, kon

[*] **12.38** Seetal ci *Esayi* 53.1. [†] **12.40** Seetal ci *Esayi* 6.10. [‡] **12.41** Seetal ci *Esayi* 6.1

yeen itam war ngeen di raxasalante ay
tànk.
15 Ab misaalu royukaay laa leen jox,
ngir ni ma leen defal, ngeen di ko def yeen
itam.
16 Maa leen ko wax dëy ci lu wér, jaam
sutul sangam, te ndaw sutul ka ko yónni.
17 Loolu, su ngeen ko xamee, ndokkalee
yeen, ndegam yeena ngi koy jëfe.

### Yeesu weer na Yuda

18 «Du yeen ñépp a tax may wax; man
xam naa ñi ma tànn. Waaye Mbind mii
fàww mu sotti: “Ki lekk samaw ñam moo
ma wéq*.”
19 Léegi laa leen koy dale wax, bala
looloo dikk, ngir bu dikkee ngeen gëm ne
maay Ki nekk†.
20 Maa leen ko wax dëy, ci lu wér, ku
dalal nit ku ma yónni, man nga dalal; te ku
ma dalal, dalal nga ki ma yónni.»
21 Loolu la Yeesu wax ba noppi, njàqare
dikkal ko, mu daldi biral ne: «Maa leen ko
wax dëy ci lu wér, kenn ci yeen moo may
wor.»
22 Taalibe ya di xoolante, te xamuñu kan
lay wax.
23 Booba kenn ca taalibe ya, di ku Yeesu
soppoon, ma nga sóonu, sës rëkk ca Yeesu.
24 Kooku la Simoŋ Piyeer liyaar, ngir mu
laaj Yeesu ka ko taxoon di wax.
25 Kooku sóonu ba tafu ca dënnub Yeesu,
ne ko: «Sang bi, kooku kan la?»
26 Yeesu ne ko: «Mooy ki may jox, man ci
sama bopp, dogu mburu bi may capp ci
ndab li.»
Yeesu nag jël dogu mburu, capp ko ca
ndab la, jox ko Yuda, doomu Simoŋ
Iskaryo.
27 Naka la Yuda jël dog ba, Seytaane
man ko. Yeesu ne ko: «Li ngay def, gaaw ci
boog!»
28 Loolu nag kenn ca ña woon ca ndab la
xamul lu tax mu wax ko ko.
29 Ñenn ña dañoo xalaat ne gannaaw
Yuda moo yoroon dencub taalibe ya,
Yeesu da koo wax ne ko, mu gaaw jëndi lu
ñu waajale màggal gi, mbaa néew-doole yi
la ko ne mu dem saraxi leen.
30 Ba mu ko defee Yuda jël dogu mburu
ba, daldi génn ca saa sa. Booba nag guddi
na.

### Yeesu nee, Piyeer dina jàmbu

31 Ba Yuda génnee, Yeesu da ne: «Léegi
nag darajay Doomu nit ki feeñ na, te
darajay Yàllaa ngi feeñe ci moom.
32 Te ni darajay Yàlla feeñe ci Doomu nit
ki, ni la Yàlla di feeñale ci boppam darajay
Doomu nit ki, te dina ko def léegi.
33 Gone yi, diir bu gàtt laa deeti nekk ak
yeen. Dingeen ma seet, waaye li ma wax
Yawut yi rekk: “Man, fa ma jëm, yeen
dungeen fa mana dem.”
34 Kon ndigal lu bees laa leen di jox,
soppanteleen: ni ma leen soppe, yeen
itam nangeen ni soppantee.
35 Ni ñépp di xame ne samay taalibe
ngeen moo di ngeen soppante.»
36 Simoŋ Piyeer ne ko: «Sang bi, foo
jëm?» Yeesu ne ko: «Fa ma jëm, doo ma fa
mana topp léegi, waaye dinga ma toppsi ca
kanam.»
37 Piyeer ne ko: «Sang bi, lu tee ma man
laa topp léegi? Sama bakkan laa la àttana
joxeel!»
38 Yeesu ne ko: «Sa bakkan nga ma àttana
joxeel? Maa la ko wax dëy ci lu wér, bala
ganaar a sab, dinga ma jàmbu ñetti yoon.

# 14

### Yeesu dëfal na taalibe ya

1 «Buleen jàq. Gëmleen Yàlla te gëm ma.
2 Sama kër Baay, dëkkuwaay yu baree nga
fa. Su demewul woon noonu, ndax dinaa
leen ne maa ngi leen fay waajali béreb?
3 Te gannaaw bu ma leen waajalee
béreb, dinaa délsi, jëlsi leen, yóbbu, ba fu
ma nekk, man, ngeen nekk fa, yeen itam.
4 Te fa ma jëm, xam ngeen yoon wi.»
5 Tomaa ne ko: «Sang bi, xamunu foo
jëm, kon ana nu nuy xame yoon wi?»

### Yeesu mooy yoon wi jëm ci Yàlla

6 Yeesu ne ko: «Man maay yoon wi, maay
dëgg gi, te maay dund gi. Kenn du ñëw ci
Baay bi te jaarewul ci man.

* **13.18** Seetal ci *Taalifi cant* 41.10. † **13.19** ***maay Ki nekk:*** seetal ci 8.24.

7 Su ngeen ma xamoon, sama Baay itam,
dingeen ko xam. Li ko dale tey nag, xam
ngeen ko, gis ngeen ko.»
8 Filib ne ko: «Sang bi, won nu Baay bi
rekk, mu doy nu.»
9 Yeesu ne ko: «Filib, ni ma yàggeek yeen
te ba tey xamuloo ma? Ku ma gis kay, gis
nga Baay bi. Kon ana noo naan: “Won nu
Baay bi”?
10 Dangaa gëmul ne man, maa ngi ci
Baay bi, te Baay baa ngi ci man? Kàddu yi
ma leen di wax, waxuma ko ci sama
coobarey bopp, waaye Baay bi nekk ci
man, moo sottal ay jëfam.
11 Gëmleen ma, ndax kàddu gii ma ne,
maa ngi ci Baay bi, te Baay baa ngi ci man;
mbaa boog, ngeen gëm ndax jëf ji may def.
12 Maa leen ko wax dëy ci lu wér, ku ma
gëm, jëf ji may def man, moom itam dina
ko def, te jëf ju raw jii sax lay def, ndax
man, ci Baay bi laa jëm.
13 Te lépp lu ngeen ñaan ci sama tur,
loolu laay def, ngir Doom ji fésal darajay
Baay bi.
14 Su ngeen ma ñaanee mbir ci sama tur,
man maa koy def.

### *Yeesu dige na Noo gu Sell gi*

15 «Su ngeen ma soppee, sàmmleen
samay ndigal.
16 Man maay ñaan Baay bi, mu yónnee
leen beneen Taxawukat*, ngir mu nekk
ak yeen ba fàww.
17 Kooku mooy Noowug Yàlla giy xamle
liy dëgg. Àddina du ko mana dalal, ndax
gisu ko te xamu ko. Yeen nag xam ngeen
ko, ndax ci seen biir la dëkk, te ci seen biir
xel lay nekk.
18 Duma leen bàyyi ngeen tumuràнke.
Dinaa délsi ci yeen.
19 Des na tuuti, àddina du ma gisati; yeen
dingeen ma gis, ndax man maa ngi dund,
te yeen itam dingeen dund.
20 Bésub keroog dingeen xam ne man
maa ngi ci sama Baay, yeen ngeen nekk ci
man, man it ma nekk ci yeen.
21 Ki nangu sama ndigal nag, te di ko
sàmm, moo ma sopp, te kooku ma sopp,
cofeel ñeel na ko, bawoo fa sama Baay, te
man itam dinaa ko sopp, di ko feeñu.»
22 Yuda meneen ma wuuteek Yuda
Iskaryo, ne ko: «Sang bi, lu waral nga nar
noo feeñu te doo feeñu àddina?»
23 Yeesu ne ko: «Ku ma sopp day sàmm
sama kàddu, sama Baay sopp ko; fi moom
lanuy dikk, te moom lanuy def màkkaan.
24 Ku ma soppul, du sàmm samay kàddu.
Kàddu gi ngeen dégg nag, du sama gos,
waaye kàddug Baay bi ma yónni la.
25 «Lii laa leen di wax bi may nekkagum
ak yeen.
26 Waaye Taxawukat bi, di Noo gu Sell gi
leen Baay biy yónnee ci sama tur, moo leen
di jàngal lépp, fàttali leen lépp lu ma leen
waxoon, man.
27 Jàmm laa leen bàyyee, sama jàmm laa
leen may te mayuma leen ko ni àddina di
mayee. Buleen jaaxle, buleen tiit.
28 «Dégg ngeen ma ne leen: “Maa ngi
dem, maa ngi délsi ci yeen.” Su ngeen ma
soppoon, dingeen bége li may dem ci Baay
bi, ndax Baay bee ma gëna màgg.
29 Léegi bala looloo dikk nag laa leen koy
wax, ngir bu dikkee ngeen gëm.
30 Duma waxateek yeen lu bare ndax
kàngamu àddinaa ngi dikk. Manul ci man
dara nag.
31 Waaye fàww àddina xam ne Baay bi laa
sopp, te li ma Baay bi sant rekk laay def.
Jógleen, nu dem!

# 15

### *Yeesu mooy reseñ gi*

1 «Man maay reseñ gi dëgg, sama Baay di
boroom tóokër bi koy toppatoo.
2 Sama bépp car bu meññul, da koy tenqi
sànni, bépp car bu ci meññ lay xosat ba mu
set wecc, ngir mu gëna meññ.
3 Yeen nag, set ngeen wecc ba noppi,
ndax kàddu gi ma leen wax.
4 Saxleen ci man, ni ma saxe man ci
sama bopp ci yeen. Ni carub reseñ tëlee
meññal boppam, su saxul ci ndeyam, ni
ngeen di tëlee meññ, su ngeen saxul ci
man.

* **14.16 *Taxawukat:*** Yeesu nee, Taxawukat bi ag noo la, kon bët du ko gis. Gannaaw bi Yeesu yéegee asamaan ba bésu Pàntakot dikk, ca la Taxawukat bi wàcc ci taalibey Yeesu. Ba tey itam, képp kuy taalibeb Yeesu, ci sa xol la Taxawukat biy dëkk.

5 «Man maay reseñ gi, yeen ngeen di car
yi. Ki sax ci man, ma sax ci moom, kooku
mooy meñ lu bare, nde su dul man,
dungeen mana def dara.
6 Ku saxul ci man daa mel ni ab car bu
ñu sànni, mu wow, te yooyu car lees di
buub, sànni ci sawara, mu lakk.
7 Su ngeen saxee ci man te samay wax
sax ci yeen, lu ngeen bëgg, ñaanleen ko,
dees na leen ko nangul.
8 Li feeñal sama darajay Baay mooy
ngeen meññ lu bare, te noonu ngeen di
firndeele ne samay taalibe ngeen.
9 «Ni ma Baay bi soppe, man itam noonu
laa leen soppe. Saxleen ci sama cofeel.
10 Ni ma sàmme sama santaaney Baay,
ba tax ma sax ci cofeelam, su ngeen ni
sàmmee samay santaane, dingeen sax ci
sama cofeel.
11 Maa leen wax loolu ngir samag mbég
wàllsi ci yeen, ba seen mbég mat sëkk.
12 Sama santaane moo di ni ma leen
soppe, ngeen soppantee noonu.
13 Joxe sa bakkan te say xarit tax,
ameesul cofeel gu ko raw,
14 te samay xarit ngeen, ndegam yeena
ngi def li ma leen sant.
15 Wooweetuma leen ay jaam, ndax ab
jaam xamul lu sangam di def. Xarit laa
leen woowe, ndax mboolem lu ma dégge
ci sama Baay, xamal naa leen ko.
16 Du yeen yeena ma tànn, man maa
leen tànn, sas leen ngir ngeen dem, meññi
meññeef, te seenum meññeef sax, ba lu
ngeen ñaan Baay bi ci sama tur, mu may
leen ko.
17 Li ma leen sant nag, moo di ngeen
soppante.

## *Ku bañ Yeesu, bañ ab taalibeem*

18 «Su leen àddina bañee, xamleen ne
man la njëkka bañ.
19 Su ngeen bokkoon ci àddina, àddina
bëgg leen, ndax li ngeen diy ñoñam, waaye
dangeena bokkul ci àddina, nde maa leen
tànne ci àddina, te looloo tax àddina bañ
leen.
20 Fàttalikuleen kàddu gi ma leen wax:
“Jaam sutul sangam.” Gannaaw man lañu
bunduxataal, yeen itam, dinañu leen
bunduxataal. Bu ñu sàmmoon sama kàddu,
dinañu sàmm seen gos itam.
21 Waaye mboolem lu ñu ma def, dinañu
leen ko def ndax sama tur, ndax xamuñu
ki ma yónni.
22 Su ma ñëwul woon, ba wax ak ñoom,
duñu am bàkkaar. Waaye léegi amuñu aw
lay ci seeni bàkkaar.
23 Ku ma bañ nag, bañ nga sama Baay
itam.
24 Su ma deful woon ci seen biir jëf yu
kenn deful, kon duñu am bàkkaar. Léegi
nag gis nañu ko, te teewul ñu bañ ma, bañ
sama Baay.
25 Waaye loolu moo am, ngir sottal
kàddu gii binde ci seen téereb yoon: “Dañu
maa bañ ci dara[*].”
26 «Taxawukat bi[†] may yónni ci yeen te
muy jóge ci Baay bi mooy Noowug dëgg
googu di bàyyikoo ci Baay bi, te kooku bu
dikkee, moo may seedeel.
27 Te yeen itam dingeen seede, ndax ca
njàlbéen ngeen dale nekk ak man.

# 16

1 «Loolu laa leen di wax, ngir seen ngëm
baña wàññiku.
2 Dees na leen dàqe ci jàngu Yawut ya, te
sax waxtoo ngi ñëw wu képp ku leen bóom
yaakaar ne Yàlla la koy jaamoo.
3 Loolu, li waral ñu di ko def moo di
dañoo xamul Baay bi, xamuñu ma.
4 Ma wax leen loolu, ngir bu waxtu wi
dikkee, ngeen fàttaliku ne man, waxoon
naa leen ko. Waaye loolu nag, waxuma
leen ko woon ca njàlbéen, ndax maa ngi
nekkagum ak yeen.

## *Taxawukat bi am na sasam*

5 «Léegi nag maa ngi dem ca ka ma yónni,
te kenn ci yeen laaju ma fu ma jëm.
6 Waaye aw tiis a fees seen xol ndax li
ma leen wax.
7 Moona man de, dëgg laa leen wax.
Seen njariñ moo di ma dem, ndax su ma
demul, Taxawukat bi[*] du ñëw ci yeen;
waaye su ma demee, maa leen koy yónnee.
8 Te bu dikkee, mooy tiiñal àddina ci
wàllu bàkkaar ak ci wàllu dëgg ak ci wàllu
àtte.

[*] **15.25** Seetal ci *Taalifi cant* 69.5. [†] **15.26** ***Taxawukat bi:*** seetal ci 14.16-17, 26. [*] **16.7** ***Taxawukat bi:*** seetal ci 14.16-17, 26.

9 Benn, ci wàllu bàkkaar, ndax ñoo ma
gëmul.
10 Ñaar, ci wàllu dëgg, ndax maa ngi dem
ci Baay bi, te dungeen ma gisati.
11 Ñett, ci wàllu àtte, ndax àttees na
kàngamu àddina sii, ba daan ko.
12 «Am naa ba tey lu bare lu ma leen
wara wax, waaye dungeen ko mana àttan
léegi.
13 Moom miy Noowug dëgg gi, bu
dikkee, moo leen di àggale ci dëgg gi gépp,
ndax du ci coobarey boppam lay wax,
waaye mboolem lu mu dégg la leen di
wax, te liy ñëw ëllëg, moo leen koy wax.
14 Moom, dina feeñal sama daraja, ndax
ci sama jagleb bopp lay tanqe, àgge leen
ko.
15 Mboolem lu Baay bi am, maay
boroom. Moo tax ma ne ci sama jagleb
bopp lay tanqe, àgge leen ko.

### *Tiisu gëmkat tey, bànneexam ëllëg*

16 «Fi leek ab diir, dungeen ma gisati;
waaye gannaaw ab diirati, dingeen ma
gisaat.»
17 Ñenn ca taalibe ya di wax ca seen biir
naan: «Li mu nuy wax nii, lu mu doon?
Mu ne: “Fi leek ab diir, dungeen ma gisati,
waaye gannaaw ab diirati, dingeen ma
gisaat,” ak “ndax maa ngi dem ca Baay
ba.”»
18 Ña nga naan: «Lii mu wax lu mu
doon? Mu ne “Gannaaw ab diirati.”
Xamunu lu mu wax de.»
19 Yeesu nag gis li ñu ko bëgga laaj, mu
ne leen: «Lii ma wax ngeen di laaj ci seen
biir: “Fi leek ab diir, dungeen ma gisati,
gannaaw ab diirati, ngeen gisaat ma”?
20 Maa leen ko wax dëy ci lu wér, yeen
yeenay jooy aka jooytu, àddina moom di
bég; yeen, yeenay amu tiis, waaye bànneex
la seenu tiis di soppaliku.
21 Kuy waaja wasin, dina amu tiis, ndax
waxtuw matam a jot. Waaye bu doom ji
juddoo, dootul fàttaliku njàqareem, ndax ki
gane àddina lay bége.
22 Kon yeen itam, tey, aw tiis ngeen am,
waaye dinaa leen gisaat, seen xol sedd, te
seen mbég moomu, kenn du leen ko xañ.
23 Bésub keroog, man dootuleen ma ñaan
dara. Maa leen ko wax dëy ci lu wér, su
boobaa lu ngeen ñaan Baay bi ci sama tur,
mu may leen ko.
24 Ba léegi ñaanuleen dara ci sama tur.
Ñaanleen, nangule, ngir seen mbég mat
sëkk.

### *Yeesu daan na àddina*

25 «Loolu, ci ay misaal laa leen ko wax.
Waxtoo ngi ñëw wu ma dootul wax ak
yeen ci ay misaal, waaye ci Baay bi laa
leen di wax lu leer nàññ.
26 Bésub keroog, ci sama tur ngeen di
ñaan. Waxuma leen ne man maa leen di
ñaanal Baay bi,
27 ndax kat Baay bi ci boppam moo leen
sopp, ndaxte yeena ma sopp, te gëm ngeen
ne man, ci Yàlla laa jóge.
28 Ci Baay bi laa jóge, dikk ci àddina, te
léegi maa ngi jóge ci àddina, jëm ci Baay bi.»
29 Taalibe yi ne ko: «Mu ngoog, lu leer
nàññ ngay wax nii, te misaaloo!
30 Léegi xam nanu ne xam nga lépp, te
soxlawoo ku la laaj dara, te looloo tax nu
gëm ne ci Yàlla nga jóge.»
31 Yeesu ne leen: «Xanaa gëm ngeen léegi?
32 Waxtoo ngii di ñëw te agsi na ba
noppi, ca ngeen di tasaaroo, ku nekk ak
yoonu boppam, bàyyi ma, ma wéet. Waaye
duma wéet, ndax Baay bi moo nekk ak
man.
33 Loolu dama leen koo wax ngir seen
xel dal ci man. Àddina sii, dingeen fi am
njàqare, waaye dëgërluleen, ndax daan naa
àddina.»

# 17

### *Yeesu sàkku na darajaam ja woon*

1 Loolu la Yeesu wax ba noppi, téen, xool
asamaan, daldi ne:
«Baay, waxtu wi jot na. Feeñalal sa
darajay Doom, ngir Doom ji feeñal sa
daraja.
2 Yaa ko jox sañ-sañ ci ñépp, ngir
mboolem ñi nga ko jox, mu texeel leen ba
fàww.
3 Texeg fàww gi nag moo di ñu xam la,
yaw jenn Yàlla jiy dëgg, xam it ki nga
yebal, muy Yeesu Almasi bi.
4 Man de, feeñal naa sa màggaay ci
àddina; liggéey bi nga ma santoon ma def
ko, sottal naa ko.

5 Léegi nag Baay, daraja ja ma amoon fa yaw, balaa àddinaa sosu, jox ma daraja jooju fa sa wet.

### *Yeesu ñaanal na ay taalibeem*

6 «Nit ñi nga tànne ci àddina, jox ma leen, ràññeeloo naa leen saw tur. Sa ñoñ lañu woon, nga jox ma leen, te sa kàddu, sàmm nañu ko.
7 Léegi xam nañu ne lépp lu ma am ci yaw la jóge,
8 ndax wax ji nga ma dénk, dénk naa leen ko, te nangu nañu ko. Xam nañu xéll it ne ci yaw laa jóge, te gëm nañu ne yaw yaa ma yebal.
9 Man nag, ñoom laay ñaanal; ñaanaluma waa àddina, waaye ñi nga ma dénk, ñoom laay ñaanal, ndax sa ñoñ lañu.
10 Mboolem lu ma am, yaa ko moom, te loo am, maa ko moom, te ci ñoom la sama daraja feeñe.
11 Toogatuma ci àddina, waaye ñoom ci àddina lañu nekk, te man, ci yaw laa jëm. Baay bu sell bi, sàmme leen sa tur wi nga ma jox, ngir ni nu nekke benn, ñoom it ñu nekke noonu benn.
12 Diir bi may nekk ak ñoom, man maa leen doon sàmme sa tur wi nga ma jox. Wattu naa leen, ba kenn ci ñoom sànkuwul, ku moy doomu sànkute* jiy sànku, ngir Mbind mi sotti.
13 «Léegi nag, ci yaw laa jëm, waaye lii laay wax bi may nekkagum ci àddina, ngir sama mbég ñeel leen, mat sëkk.
14 Man, jottali naa leen sa kàddu, waaye àddinaa leen bañ, ndax ni ma ñàkka bokke ci àddina, ni lañu ñàkka bokke ci àddina.
15 Ñaanuma nga jële leen ci àddina, xanaa nga musal leen ci ku bon ki.
16 Ni ma ñàkka bokke ci àddina, man ci sama bopp, noonu lañu ñàkka bokke ci àddina.
17 Ngalla sellale leen dëgg gi: sa kàddu mooy dëgg.
18 Ni nga ma yebale ci àddina, man itam, ni laa leen yebale ci àddina.
19 Man nag, ñoom laa sellalal sama bopp, ngir ñoom itam, ñu mana sellaloo dëgg gi.

### *Yeesu ñaanal na ay gëmkatam*

20 «Du ñoom doŋŋ laay ñaanal nag, waaye ñi may gëm ëllëg ndax seen kàddu itam laay ñaanal,
21 ngir ñépp doon benn, ni nga nekke yaw Baay, ci man, ma nekke ko ci yaw, ñoom itam, ñu nekke ni ci nun, ba àddina gëm ne yaw yaa ma yebal.
22 Man nag daraja ji nga ma jox, jox naa leen ko, ngir ni nu nekke benn maak yaw, ñu nekke ni noonu.
23 Man ma nekk ci ñoom, yaw nga nekk ci man, ngir ñu mat sëkk ci ag bennoo, ba àddina xam ne yaw yaa ma yebal, te ni nga ma soppe, ni nga leen soppe.
24 «Ñi nga ma jox nag, Baay, bëgg naa, fa may ne, ñoom it, ñu nekk faak man, ngir ñu gis sama daraja ji nga ma jox, ndax yaa ma sopp laata àddina di sosu.
25 «Baay Boroom njub, àddinaa la xamul, waaye man xam naa la, te ñii xam nañu ne yaa ma yebal.
26 Xamal naa leen sa tur te dinaa ko gëna xamle, ngir cofeel gi nga ma sopp nekk ci ñoom, te man it, ma nekk ci ñoom.»

# 18

### *Jàpp nañu Yeesu*

1 Loolu la Yeesu wax ba noppi, dem, ànd ak taalibeem ya, ñu jàlli ca wàllaa xuru Sedoron. Ab tool a nga fa woon nag, ñu daldi dugg ca biir.
2 Yuda mi koy wor it xamoon na béreb ba, ndax Yeesu daan na fa farala ànd aki taalibeem.
3 Ci kaw loolu Yuda jubal ca tool ba, ànd ak gàngooru takk-der aki wattukati kër Yàlla ga te ñu bàyyikoo ca sarxalkat yu mag ya ak Farisen ya, yor ay jum aki làmp aki gànnaay.
4 Yeesu ma xamoon mboolem la koy dikkal nag, génn, jubsi leen, ne leen: «Ku ngeen di seet?»
5 Ñu ne ko: «Yeesum Nasaret.» Mu ne: «Man a.» Yuda ma koy wor a nga bokk ak ñoom taxaw.
6 Ba leen Yeesu nee: «Man a,» dañoo dellu gannaaw, ba daanu.
7 Mu dellu ne leen: «Ku ngeen di seet?» Ñu ne: «Yeesum Nasaret.»

* **17.12 *doomu sànkute ji,*** Yuda Iskaryo la.

8 Mu ne leen: «Ne naa leen man la.
Gannaaw man ngeen di seet nag, baleen
ñii ma àndal, ñu dem.»
9 Kàddu ga Yeesu noon Yàlla: «Ñi nga ma
jox, kenn du ci sànku,» noonu la sottee.
10 Ci kaw loolu Simoŋ Piyeer ma ràngoo
saamar, bocci, caw ko surgab sarxalkat bu
mag ba, njoof noppu ndijoor ba. Surga ba,
Malkus lañu koy wax.
11 Yeesu ne Piyeer: «Defal saamar ci
mbaram. Kaasub naqar bi ma Baay bi
sédd, xanaa dama ko dul naan?»

*Yóbbu nañu Yeesu ca Anas*

12 Ba loolu amee gàngooru takk-der ya ak
seen njiit, ak wattukati kër Yàlla ga njiiti
Yawut ya yilifoon, daldi jàpp Yeesu, yeew
ko.
13 Ca Anas lañu ko njëkka yóbbu, ndax
moo doon baayu jabaru Kayif ma doon
sarxalkat bu mag ba, ca at mooma.
14 Kayif moomu moo digaloon Yawut ya
ne leen: «Liy njariñ moo di kenn nit doŋŋ
deewal askan wi.»

*Piyeer jàmbu na*

15 Simoŋ Piyeer nag ànd ak keneen ca
taalibe ya, ñu topp ca Yeesu. Fekk na
beneen taalibe ba xamante ak sarxalkat
bu mag ba, ba tax mu ànd ak Yeesu, dugg
ca biir kër sarxalkat bu mag ba.
16 Teewul Piyeer, moom, taxaw ca bunt
kër ga. Ci kaw loolu beneen taalibe ba
xam sarxalkat bu mag ba daldi génn, wax
ak surga bu jigéen bay wattu bunt ba, ba
dugal Piyeer ca biir.
17 Surga bu jigéen bay wattu bunt kër ga
ne Piyeer: «Yaw itam, bokkuloo ci taalibey
waa jii?» Mu ne ko: «Bokkuma ci.»
18 Ci biir loolu surga ya ak wattukat ya
taxaw, tiim ab taalu këriñ gu ñu boyal bay
jaaru, ndax dafa seddoon. Piyeer itam
taxaw faak ñoom, di jaaru.

*Sarxalkat bu mag ba seetlu na Yeesu*

19 Sarxalkat bu mag ba daldi laaj Yeesu
ci mbirum ay taalibeem ak ci am
njàngaleem.
20 Yeesu ne ko: «Man de, fàŋŋ laa waxe
ak àddina. Te it man ca jàngu ba ak ca kër
Yàlla ga, fa Yawut yépp di daje, fa laa mas
di jàngalee, te làquwuma di wax lenn.
21 Ana loo may laaje? Li ma wax, laaj ko
ñi ma dégg. Ñoom kay xam nañu bu baax li
ma wax, man.»
22 Ba Yeesu waxee loolu, kenn ca
wattukati kër Yàlla ga fa taxawoon daldi
ko dóor mbej, ne ko: «Ndax noonu ngay
tontoo sarxalkat bu mag bi?»
23 Yeesu ne ko: «Su ma waxee ndëngte,
seedeel lu ci dëng, te su dee njub laa wax,
ana loo may dóore?»
24 Ba loolu amee Anas jàllale ko, na ñu ko
yeewe, ca Kayif, sarxalkat bu mag ba.

*Piyeer jàmbooti na*

25 Ci biir loolu Simoŋ Piyeer a nga
taxaw, di jaaru ba tey. Ñu ne ko: «Yaw itam
du ci taalibey waa ji nga bokk?» Piyeer
miim ko, ne: «Bokkuma ci de.»
26 Kenn ca surgay sarxalkat bu mag ba,
te di mbokkum ka Piyeer njoofoon
noppam, ne Piyeer: «Xanaa du yaw laa
gisoon ak moom ca tool ba?»
27 Piyeer miimati ko. Ca saa sa nag
ganaar sab.

*Yeesu dem na kër Pilaat*

28 Ba loolu wéyee ñu jële Yeesu ca Kayif,
yóbbu ko ca kër boroom réew ma. Waxtuw
njël la woon; Yawut ñi ci seen bopp
dugguñu ca biir kër ga, ndax baña sobeel
seen bopp ba duñu mana lekk ca reeru
bésub Mucc ba.
29 Pilaat boroom réew ma moo génn,
dajeek ñoom. Mu ne leen: «Ana lu ngeen di
jiiñ waa jii?»
30 Ñu ne ko: «Kii bu deful woon lu bon,
duñu la ko jébbal.»
31 Pilaat ne leen: «Jëlleen ko, yeen, te àtte
ko ci seen yoonu bopp.» Yawut ya ne ko:
«Nun, mayeesu nu nu teg kenn àtteb dee.»
32 Kàddug Yeesu ga mu tegtale woon
deewin wa mu nara deewe, noonu la
sottee.
33 Gannaaw loolu Pilaat duggaat ca kër
ga, daldi woo Yeesu, ne ko: «Yaw yaa di
buurub Yawut yi?»
34 Yeesu ne ko: «Loolu ndax yaw yaa ko
waxal sa bopp, am ñeneen a la ko wax ci
man?»
35 Pilaat ne ko: «Ndax man dama dib
Yawut? Saw xeetu bopp ak seeni sarxalkat
yu mag kay ñoo ma la jébbal. Ana loo def?»

36 Yeesu ne ko: «Sama nguur moo bokkul
ci àddina sii. Bu sama nguur bokkoon ci
àddina, samay surga xeex, ba kenn du ma
jébbal njiiti Yawut yi. Waaye sama nguur a
bokkul fii.»
37 Pilaat ne ko: «Kon yaw buur nga?»
Yeesu ne ko: «Yaa ko wax; buur laa. Li tax
ma juddu, li tax ma dikk ci àddina moo di
seedeel dëgg. Ku bokk ci dëgg gi nag dina
dégg li ma wax.»
38 Pilaat ne ko: «Ana luy dëgg gi?»
Loolu la Pilaat wax, daldi génnaat ba ca
Yawut ya, ne leen: «Man de gisuma ci
moom lenn lees koy daane.
39 Gannaaw dangeena aadawoo nag ma
bàyyil leen kenn nit ci bésub Mucc, ndax
bëgg ngeen ma bàyyil leen kii di "buurub
Yawut yi"?»
40 Ñu yuuxooti: «Du kii de, xanaa
Barabas!» Te Barabas moomu doonoon ab
fippukat.

# 19

## *Teg nañu Yeesu àtteb dee*

1 Ba mu ko defee Pilaat dóorlu Yeesu ay
yar.
2 Takk-der ya teg ci boppu Yeesu kaala
gu ñu ràbbe ay dég, solal ko mbubb mu
xonq curr.
3 Ñu dikk ba ca moom nag, naan ko:
«Buuru Yawut yée, guddaluw fan!» te di ko
dóori mbej.
4 Ci kaw loolu Pilaat génnati ne leen: «Ma
ne, maa ngi leen koy indil ci biti, ngir
ngeen xam ne gisuma ci moom lenn lees
koy daane.»
5 Yeesu nag génn ak kaalag dég gaak
mbubb mu xonq ma. Pilaat ne leen: «Waa
jaa ngii!»
6 Teewul ba ko sarxalkat yu mag yaak
wattukati kër Yàlla ga gisee, dañoo
xaacoondoo, ne: «Daaj ko ci bant! Daaj ko
ci bant!» Pilaat ne leen: «Jëlleen ko, yeen,
daaj ko ci bant, ndax man gisuma ci
moom lenn lees koy daane.»
7 Yawut yi ne ko: «Nun danoo am aw
yoon, te ci sunuw yoon, àtteb dee moo war
ci moom, ndax Doomu Yàlla la teg
boppam.»
8 Ba Pilaat déggee kàddu googu,
tiitaangeem yokk.
9 Mu dellooti Yeesu ca biir kër ga, ne ko:
«Yaw foo jóge?» Yeesu tontuwu ko.
10 Pilaat ne ko: «Man nga dul waxal?
Xamuloo ne am naa sañ-sañu bàyyi la, am
naa itam sañ-sañu daaj la ci bant?»
11 Yeesu ne ko: «Su dul woon ag may gu
la dikke fa kaw, doo am benn sañ-sañ ci
man. Moo tax it ki ma teg ci say loxo gënati
laa bàkkaar.»
12 Ca la Pilaat doxe di seet nu mu bàyyee
Yeesu. Teewul Yawut ya xaacu ne: «Kii,
soo ko bàyyee, doo xaritub buur Sesaar.
Képp ku teg boppam buur, yaa noonoo
buur Sesaar!»
13 Naka la Pilaat dégg kàddu googu, daldi
génne Yeesu, dem nag toog ca jalub
àttekaay ba, fa ñuy wax Dër ba, te ñu naan
ko Gabata ci làkku yawut.
14 Looloo nga yemook waxtuw digg
bëccëg. Boobu ñu ngi waajal màggalu bésub
Mucc ba. Pilaat nag ne Yawut ya: «Seen
buur a ngoogu!»
15 Ñu yuuxoo: «Na dee! Na dee! Daaj ko
ci bant!» Pilaat ne leen: «Ndax seen buur
laay daaj ci bant?» Sarxalkat yu mag ya ne
ko: «Amunu buur bu dul Sesaar!»
16 Noonu nag Pilaat teg Yeesu ci seeni
loxo, ngir ñu daaj ko ci bant.

## *Daaj nañu Yeesu ci bant*

Ñu daldi yóbbu Yeesu.
17 Moom ci boppam moo gàddu bant ba,
génn jëm ba fa ñuy wax bérebu Kaaŋu
bopp*, muy firi Golgota ci làkku yawut.
18 Foofa lañu daaje Yeesu ca bant ba,
mook ñeneen ñaar; kii ci wet gii, kee ca wet
gee, Yeesu ca digg ba.
19 Pilaat bindlu itam ab tegtalukaay, we
ko ca kaw bant ba ñu ko daaj, ñu bind ca
lii: «Kii mooy Yeesum Nasaret, buurub
Yawut yi.»
20 Mbind moomu Yawut yu bare jàng
nañu ko, ndax béreb ba ñu daaj Yeesu jege
na dëkk ba, te ci yawut, ak ci làkku waa
Room ak ci gereg lañu ko bind.
21 Sarxalkat yu mag yu Yawut ya nag ne
Pilaat: «Waruloo bind ne: "Kii mooy

* **19.17 *bérebu Kaaŋu bopp*** mooy tund wu nirook kaaŋu bopp.

buurub Yawut yi,” li nga wara bind mooy: “Kii moo ne mooy buurub Yawut yi.”»

22 Pilaat ne leen: «Li ma bind, bind naa ko ba noppi.»

23 Gannaaw ba ñu daajee Yeesu ca bant ba, takk-der ya dañoo jël ay yéreem, def ko ñeenti cér, takk-der bu nekk benn. Jël nañu itam mbubbam rabalam mu mag, di lenn ndimo te ñaweesu ko fenn ca kaw ba ca suuf.

24 Takk-der ya diisoo ca, ne: «Mbubb mi, bunu ko xotti, nanu ko tegoo bant, ngir xam ku koy moom.» Noonu la mbir ma tëdde, ngir Mbind ma indi woon lii, sotti:

«Séddoo nañu samay yére,
sama mbubb mu mag, ñu tegoo ko bant†.»

Loolu nag la takk-der ya def.

25 Ña taxawoon ca wetu bant ba ñu daaj Yeesu, ñoo di yaayam ak yaayam ju ndaw, ak Maryaama jabaru Këlopas, ak Maryaama ma dëkk Magdala.

26 Taalibe ba Yeesu soppoon itam ma nga fa woon, taxaw. Ba leen Yeesu gisee da ne yaayam: «Soxna si, sa doom a ngoogu.»

27 Mu teg ca ne taalibe ba: «Sa yaay a ngoogu.» Ca waxtu woowa tembe la taalibe ba yóbbu soxna sa këram.

### *Yeesu saay na*

28 Gannaaw loolu Yeesu xam ne lépp sotti na, mu daldi ne: «Mar naa!» ngir matal la Mbind ma indi woon ci mbiram‡.

29 Ndab lu fees ak bineegar a nga fa tege woon. Ñu jël ab sagar, xooj ko ca, lonk ko ci caru garabu isob, tàllal ko ba mu jot gémmiñam.

30 Yeesu nag muucu bineegar ba, daldi ne: «Sotti na!» Ci kaw loolu mu sëgal bopp ba, daldi yiwi noo ga.

31 Waajalu bésub Noflaay la woon, te bésub Noflaay warula fekk néew ya ca bant ba, ndax bés bu màgg la ci Yawut ñi. Ñu ñaan Pilaat, mu dammlu tànki ña ñu daaj, ngir jële leen fa.

32 Takk-der ya dikk, damm tànki kenn ka ñu daajaaleek Yeesu, teg ca keneen ka.

33 Ñu agsi ci Yeesu, daldi gis ne dee na ba noppi, ba tax dammuñu ay tànkam.

34 Teewul kenn ca takk-der ya jam ko ab xeej ci faar yi, deret ànd ak ndox tuuru ca saa sa.

35 Ki joxeb seedeem ci mbir yooyii, moo ci teg bëtam, te kàddug seedeem dëgg la. Moom ci boppam, xam na ne dëgg lay wax, te moo ci joxe kàddug seedeem, ngir yeen itam ngeen gëm.

36 Loola moo am ngir Mbind mi indi woon lii, sotti: «Benn yaxam, deesu ko damm§.»

37 Meneen Mbind indeeti ne: «Dinañu gis ki ñu jam*.»

### *Rob nañu Yeesu*

38 Gannaaw loolu Yuusufa ma dëkk Arimate, di taalibeb Yeesu bu làqu ndax ragal njiiti Yawut ya, moom moo ñaan Pilaat mu may ko mu yóbbu néewub Yeesu. Pilaat may ko ko. Yuusufa nag dem, yóbbu néewub Yeesu.

39 Nikodem itam ànd ak moom, indaale lu wara tollook fanweeri kiloy cuuraayal njafaan lu ñu defare ndàbbu miir ak alowes. Nikodem moomu jëkkoon naa seetsi Yeesu ag guddi.

40 Ñu jël néewub Yeesu, lëmëse ko sori lẽe, defaale ca cuuraay la, na ko Yawut ya baaxoo woon ci waajtaayu rob.

41 Foofa ñu daajoon Yeesu, ab tool a nga fa, ab bàmmeel bu bees bu ñu yatt ciw doj a nga ca tool ba, te maseesu caa denc ab néew.

42 Foofa lañu denc Yeesu, gannaaw jege woon na, te ci Waajalu bésub Noflaay lañu nekkoon.

# 20

### *Yeesu Almasi bi dekki na*

1 Bésub dibéer, ba jiitu ca ayu bésu Yawut ya, Maryaama teela xëy dem, ba bët setagul, ba ca bàmmeel ba. Mu gis ne randal nañu doj wa ñu ube woon bàmmeel ba.

2 Mu daldi daw, ba ca Simoŋ Piyeer ak ca beneen taalibe ba, ka Yeesu soppoon. Mu ne leen: «Jële nañu Sang bi ca bàmmeel ba, te xamunu fu ñu ko def.»

3 Piyeer ak beneen taalibe ba dem wuti bàmmeel ba.

† **19.24** Seetal ci *Taalifi cant* 22.19. ‡ **19.28** Seetal ci *Taalifi cant* 69.22. § **19.36** Seetal ci *Mucc ga* 12.46. * **19.37** Seetal ci *Sàkkaryaa* 12.10.

4 Ñu ànd daw, beneen taalibe ba nag
gëna gaaw Piyeer, jëkk ko ca bàmmeel ba.
5 Naka la sëgg, yër, daldi séen sori
càngaay ya ca suuf, te duggul ca biir
bàmmeel ba.
6 Simoŋ Piyeer ma ca topp, agsi, jàll ca
biir, daldi gis sori càngaay la tege,
7 ak kaala ga ñu muure woon boppu
Yeesu. Kaala ga nag àndul ak sori càngaay
la; dees koo taxañ, mu tege.
8 Ci noonu beneen taalibe ba njëkkoona
agsi ca bàmmeel ba, duggsi moom itam.
Mu gis, daldi gëm.
9 Ndax kat ba booba, taalibe ya
xamaguñu dëgg tekkitel Mbind ma indi
woon ne fàww Yeesu dekki.
10 Taalibe ya nag ñibbi.

## *Yeesu feeñu na Maryaamam Magdala*

11 Ci biir loolu Maryaamaa nga ca
bàmmeel ba, ca biti, di jooy. Ci biir jooy yi
la sëgg, yër ca biir bàmmeel ba,
12 daldi séen ñaari malaaka yu sol yére yu
weex, toog fa néewub Yeesu tëddoon, kii fa
féeteek fa bopp ba nekkoon, kee ca tànk ya.
13 Ñu ne ko: «Ndaw si, looy jooy?» Mu ne
leen: «Samab Sang lañu yóbbu, te xawma fu
ñu ko denc.»
14 Naka la wax loolu daldi walbatiku, gis
Yeesu mu taxaw, te xamul ne Yeesu la.
15 Yeesu ne ko: «Ndaw sii, looy jooy?
Kooy seet?» Mu foog ne boroom tool baa,
ne ko: «Góor gi, su fekkee yaa ko yóbbu,
wax ma foo ko denc, maa koy jëli.»
16 Yeesu ne ko: «Maryaama.» Mu geestu,
làkk ko ci yawut ne ko: «Rabbuni!» Muy firi
kilifa gi.
17 Yeesu ne ko: «Bu ma langaamu, ndax
yéegeeguma fa Baay ba. Waaye demal, ne
samay bokk, maa ngi yéegi ca sama Baay
biy seen Baay, sama Yàlla jiy seen Yàlla.»
18 Ba loolu amee Maryaama ma dëkk
Magdala dem, ne taalibe ya: «Gis naa Sang
bi!» Ci kaw loolu mu wax leen yóbbanteem.

## *Yeesu feeñu na taalibe yi*

19 Bésub dibéer googu ca ngoon, di bés bi
jiitu ci ayu bésu Yawut ya, bunt yaa nga
tëje fa taalibe ya daje, ndax ragal njiiti
Yawut ya. Yeesu ne jimeet taxaw ci seen
biir ne leen: «Jàmm seen!»
20 Loolu la Yeesu wax, daldi leen won ay
loxoom akug wetam. Taalibe ya nag bég
lool ndax la ñu gis Sang bi.
21 Yeesu dellu ne leen: «Jàmm ngeen! Ni
ma Baay bi yebale, noonu laa leen yebale,
man itam.»
22 Naka la wax loolu, daldi leen ëf
ngelawal gémmiñam, ne leen: «Jëlleen Noo
gu Sell gi.
23 Képp ku ngeen baal ay bàkkaaram,
baalees na ko; képp ku ngeen topp ay
bàkkaaram, toppees na ko.»

## *Yeesu yedd na Tomaa*

24 Kenn ca Fukk ñaak ñaar nag, di Tomaa
ma ñuy wax Didimus, muy firi Seex bi, ba
Yeesu dikkee, moom nekku fa woon.
25 Moo tax ba ko taalibe ya nee: «Gis
nanu Sang bi!» da ne leen: «Su ma gisul
màndargam pont yi ciy loxoom, ba ne ci
duut baaraam, boole ci ne tegg loxo cig
wetam, duma ko gëm mukk.»
26 Ba ñu ca tegee juróom ñetti fan,
taalibey Yeesu ya dajewaat ca biir, Tomaa
nekk faak ñoom. Yeesu ne jimeet ca seen
biir, te bunt ya tëje. Mu ne leen: «Jàmm
ngeen!»
27 Ci kaw loolu mu ne Tomaa: «Tegal fii
sa baaraam te xool samay loxo; te nga
tàllal sa loxo, ne ko tegg ci samag wet.
Bàyyil gëmadi te gëm.»
28 Tomaa àddu ne ko: «Yaa di sama
Boroom, di sama Yàlla!»
29 Yeesu ne ko: «Danga maa gis, ba tax
nga gëm? Ndokkalee ñi gëm te gisuñu!»
30 Bare na firnde yeneen yu Yeesu def fi
kanam taalibe yi, te bindeesu ko ci téere
bii.
31 Lii nag lañu bind, ngir ngeen gëm ne
Yeesu mooy Almasi bi, Doomu Yàlla, ngir
itam ngeen jagoo ag dund ndax aw turam.

# 21

## *Yeesu feeñu na juróom ñaari taalibe*

1 Gannaaw loolu, Yeesu feeñooti na ay
taalibeem ca tàkkal dex ga ñuy wax
Tiberyàdd*. Na mu feeñee nii la.

* **21.1 *dexu Tiberyàdd*** mooy dexu Galile.

2 Ña bokkoon daje benn béreb ñoo di
Simoŋ Piyeer, ak Tomaa mi ñuy wax Seex
bi, ak Natanayel ma dëkk Kana gu
diiwaanu Galile, ak doomi Sebede, ak
yeneen ñaari taalibe.
3 Simoŋ Piyeer ne leen: «Maa ngi nappi.»
Ñu ne ko: «Nan ànd ak yaw, nun itam.» Ñu
dem, daldi dugg gaal. Guddi googu
jàppuñu dara.
4 Ba fajar jotee Yeesu taxaw ca tàkk ga, te
taalibe ya xamuñu ne moom la.
5 Yeesu ne leen: «Bokk yi, ndax am ngeen
jën?» Ñu ne ko: «Déedéet.»
6 Mu ne leen: «Sànnileen mbaal mi ci
ndijooru gaal gi, ba daj.» Ci kaw loolu ñu
sànni, ba noppi amatuñu dooley xëcc
mbaal mi ndax jën yu bare.
7 Ba loolu amee taalibe ba Yeesu
soppoon ne Piyeer: «Sang bi la!» Ba Simoŋ
Piyeer déggee loolu, fekk ko ak col gu
woyof, mu laxasaay ko ba mu dëgër, daldi
sóobu ca dex ga.
8 Yeneen taalibe ya nag dikk ak gaal ga,
xëccaale mbaal ma fees dell ak jën, ndax
sorewuñu woon tàkk ga; lu wara tollu ci
téeméeri meetar a doxoon seen diggante
ak tàkk ga.
9 Ba ñu teersee, ab taalu këriñ lañu gis,
aw jën tege ca, ak mburu ca wet ga.
10 Yeesu ne leen: «Indileen ci jën yi ngeen
jàpp.»
11 Simoŋ Piyeer nag yéeg ca gaal ga,
daldi diri mbaal ma ca tàkk ga, mu fees
dell ak jën yu mag; lépp di téeméeri jën ak
juróom fukk ak ñett (153). Te noonu mu
baree taxul mbaal ma xëtt.
12 Yeesu ne leen: «Ñëwleen ndékki.»
Kenn ca taalibe ya nag ñemewu ko woon
ne ko: «Yaay kan?» Ndax xamoon nañu ne
Sang bee.
13 Yeesu dikk, jël mburu, jox leen, jox
leen jën itam.
14 Boobu mooy ñetteelu yoon bu Yeesu
feeñoo taalibe ya, gannaaw ba mu dekkee.

## *Yeesu sas na Piyeer*

15 Ba ñu ndékkee ba noppi, Yeesu da ne
Simoŋ Piyeer: «Simoŋ doomu Yowaan,
ndax yaa ma gëna sopp ñii?» Mu ne ko:
«Waawaaw, Sang bi, yaw, xam nga ne bëgg
naa la.» Mu ne ko: «Xontal ma sama mbote
yi.»
16 Mu waxaat ko ñaareel bi yoon, ne ko:
«Simoŋ doomu Yowaan, ndax sopp nga
ma?» Mu ne ko: «Waawaaw, Sang bi, yaw,
xam nga ne bëgg naa la.» Mu ne ko:
«Sàmmal ma samay xar.»
17 Mu neeti ko ñetteel bi yoon: «Simoŋ
doomu Yowaan, bëgg nga maam?» Piyeer
nag tiislu la ko Yeesu laaj ba ñetti yoon:
«Ndax bëgg nga ma?» Piyeer ne ko: «Sang
bi, yaw xam nga lépp; xam nga ne bëgg naa
la.» Yeesu ne ko: «Xontal ma samay xar.
18 Maa la ko wax déy ci lu wér, ba nga
dee ndaw, yaay takkal sa bopp sa geño,
dem fu la neex. Waaye boo màggatee,
dinga tàllal say loxo, keneen takkal la sa
geño, yóbbu la foo bëggul.»
19 Kàddu yooyu la Yeesu misaale na
Piyeer di deeweji deewin wu muy terale
Yàlla. Loolu la wax ba noppi ne ko: «Toppal
ci man!»
20 Piyeer geestu, gis taalibe ba Yeesu
soppoon, mu topp ca ñoom. Taalibe boobu
mooy ka sóonu woon, ba tafu ca dënnub
Yeesu, ba ñuy lekk, te moo ko laajoon ne
ko: «Sang bi, kan moo lay wor?»
21 Ba ko Piyeer gisee da ne Yeesu: «Sang
bi, kii nag?»
22 Yeesu ne ko: «Moom, su ma bëggoon
mu dund ba kera ma délsi, ana lu ciy sa
yoon? Yaw kay, toppal ci man.»
23 Kàddu googu nag doxe ca, law ca biir
bokki taalibe ya, ñu jàpp ne taalibe boobu
du dee. Ndaxam Yeesu waxul Piyeer ne
kooku du dee, waaye da ne: «Su ma bëggee
mu dund, ba kera ma délsi, ana lu ciy sa
yoon?»
24 Taalibe boobu moo seede mbir yooyu,
moo bind xew-xew yooyu, te xam nanu ne
kàddug seedeem dëgg la.
25 Bare na itam yeneen yu Yeesu def, te
su ñu ko doon bind benn-benn, jàpp naa
ne àddina ci boppam sax du mana denc
téere ya ñu ko bind.

# Jëfi ndaw yi Almasi bi yónni

Ñaareelu pàcc bi Luug bind lañuy woowe téereb *Jëf ya.* Mu ngi bind ci li xewoon gannaaw bi Yeesu deewee ba dekki te ñu yéege ko ca asamaan, ak it ci ni mbooloom gëmkat ñi ci Yerusalem màgge. Ba tey mu bind ci ni xibaaru Almasi bi bawoo Yerusalem ak Yude ak Samari, ba wàlli ca xeeti àddina yi ci des.

Ci tënk:

1.1—12.25 Xibaaru Yeesu bawoo Yerusalem, law ba wàlli ca gox yi des ci Yuda ak Samari.
13.1—14.28 Yebal nañu ay ndaw wetug sowu, ngir ñu xamleji xibaaru jàmm bi ca diiwaanu Asi.
15.1-35 Péncoo am na ca Yerusalem.
15.36—18.22 Ndaw ya dugg nañu Ërob.
18.23—21.25 Póol tukki na ñetteel bi yoon.
21.25—28.31 Kàddu gi dugg na Room, péey ba, ba àkki ca ëtti kàngam ya gëna kawe.

## *Yeesu Almasi bi yéeg na ci asamaan*

1 Yaw Tewofil, sama téere bu njëkk ba,
def naa ca mboolem ndoortel jëfi Yeesu ak
njàngaleem,
2 ba ca bés ba ñu ko yéegale, gannaaw ba
mu joxee ay ndigal ndaw ya mu tànnoon,
Noo gu Sell gi jottali ko.
3 Ndaw yooyu itam la teew fi seen
kanam ci firnde yu leer te bare, gannaaw
ay coonoom. Diiru ñeent fukki fan la leen
feeñu, di leen wax lu jëm ci nguurug Yàlla.
4 Ba mu nekkee ak ñoom, da leena sant,
ne leen: «Buleen jóge Yerusalem, négleen
digeb Baay bi ngeen dégge ci sama
gémmiñ.
5 Ndax cim ndox la Yaxya daan sóobe,
waaye yeen ci Noo gu Sell gi lees leen di
sóob fii ak fan yu néew.»
6 Naka lañu daje fa moom, daldi koy
laaj, ne ko: «Sang bi, ndax ci jii jamono
ngay sampaat nguurug Israayil?»
7 Mu ne leen: «Du yeena wara xam
jamono jeek bés bi Baay bi jàpp ci sañ-sañu
boppam.
8 Waaye Noo gu Sell gi mooy wàcc ci
yeen, ngeen fees ak dooleem, daldi doon
samay seede ci Yerusalem ak ci diiwaanu
Yude gépp ak ci Samari, ba ca cati àddina.»
9 Naka la wax loolu, ndaw yay xoole, ñu
jekki yéegee ko fa, aw niir daldi leen koy
làq.
10 Ña nga téen, ne jàkk asamaan, Yeesu di
wéy. Ci biir loolu ñaar ñu sol yére yu weex
ne seef ci seen wet.
11 Ñu ne leen: «Yeen waa Galile, lu ngeen
di taxaw nii di séentu ci asamaan? Yeesu
male ñu yéegee fi seen biir, yóbbu
asamaan, nii ngeen ko gise mu jëm
asamaan, ni lay délsee.»

## *Maccas wuutu na Yuda Iskaryo*

12 Booba la ndaw ya jóge ca tund woowu
ñuy wax tundu Oliw, te digganteem ak
Yerusalem tollook kemu dox bi yoon
maye ci bésub Noflaay, yemook benn
kilomet. Ñu dellu nag Yerusalem.
13 Ñu agsi, yéeg ca néegu kaw taax ma, fa
ñuy dal naka jekk. Piyeer a nga ca ak
Yowaan, ak Yanqóoba ak Àndre, ak Filib ak
Tomaa, ak Bartelemi ak Macë, ak
Yanqóoba doomu Alfe, ak Simoŋ, Mbokki
kuréelu Moom-sa-réew ma, ak Yuda
doomu Yanqóoba.
14 Ñu mànkoo ñoom ñépp ngir saxoo ñaan
ci Yàlla, ànd ceek jigéen ñi ak Maryaama
ndeyu Yeesu ak rakki Yeesu yu góor.
15 Ci fan yooyu la Piyeer taxaw ca digg
bokk ya, ña fa daje di mbooloo mu tollu ci
téeméer ak ñaar fukk (120). Mu ne leen:
16 «Bokk yi, Mbind mi moo waxoon lu
jiitu ci gémmiñu Daawuda jaare ci Noo gu
Sell gi, muy wax ju jëm ci Yuda mi jiite nit
ña, ba ñu jàpp Yeesu. Mbind moomu nag
fàww mu sotti.
17 Ci nun la Yuda bokkoon, te amoon na
it cér ci sunu liggéey bii.»
18 Yuda nag gannaaw ba mu jëndee ab
tool ca peyu ñaawtéefam ja, ca la daanu,
jiital boppam, biir ba fàcc, butit ya tuuru.
19 Waa Yerusalem yépp a ko yég, ba tax
ñu tudde tool ba Akeldam, muy firi Toolu
deret, ci seen làkk.
20 «Ndax bindees na ci téere bi di Taalifi
cant ne:
“Yal na këram gental,

yàlla bu fa kenn dëkkeeti,
yal na keneen jagoo sasam*.”
21 Am na nag ay nit ñu àndoon ak nun
mboolem diir bi Sang Yeesu dee dem aka
dikk ci sunu biir,
22 dale ko ca ba ko Yaxya sóobee ci ndox, ba
bés ba ko Yàlla jëlee fi sunu biir, yéege ko.
Kon nag kenn ci ñooñu war naa bokk ak
nun, seede ndekkitel Yeesu.»
23 Ci kaw loolu ñu tudd ñaar: Yuusufa,
mi ñu dippee Barsabas, te ñu di ko wax
Yustus itam, ak Maccas.
24 Ñu daldi ñaan ne: «Boroom bi, yaw mi
xam xolu ñépp, won nu ki nga tànn ci ñaar
ñii,
25 mu jël wàllam ci liggéey bi, te muy céru
ndaw bii Yuda wacc, ba fekki wàll wa mu
yelloo.»
26 Ñu tegal leen nag bant, bant ba dal ca
Maccas, mu dolliku ca fukki ndaw yaak
benn.

# 2

## *Noo gu Sell gi dikk na*

1 Ba bésu màggalu Pàntakot agsee, ñoom
ñépp a bokk daje benn béreb.
2 Ca saa sa coow jollee ca asamaan, mel
ni riirum ngelaw lu bare doole, daldi fees
dell biir kër ga ñu toog.
3 Ci kaw loolu ay làmmiñ yu mel ni
tàkk-tàkki sawara feeñu leen, làmmiñ ya
séddalikoo, daldi toŋ ci kaw kenn ku nekk.
4 Ñoom ñépp nag fees ak Noo gu Sell gi,
tàmbalee làkk làkk yu wuute, na leen ko
Noo gi manloo.
5 Booba ay toppkati yoonu Yawut a nga
dëkke Yerusalem, te bawoo ci xeeti àddina
yépp.
6 Naka la coow li jolli, nit ñi daje, ku
nekk ci mbooloo mi dégg ñuy làkk sa
kàllaama gi nga nàmp. Mbooloo ma jaaxle.
7 Ñu boole waaru ak yéemu, naa: «Ñii di
wax nii ñépp, xanaa duñu waa Galile?
8 Ana nu kenn ku nekk ci nun nag mana
dégge ñuy wax ci làmmiñ wi nga nàmp?
9 Muy waa Pàrt ak Medd ak Elam ak
Mesopotami ak Yude ak Kapados ak Pont
ak Asi
10 ak Firisi ak Pamfili ak Misra ak wàllu
Libi ga dendeek Siren, ak gan ñi jóge
Room,
11 ak Yawuti njuddu-ji-réew yeek
tuubeen ñi, ak waa Keret ak Arabi, nun
ñépp a leen dégg ci sunu làmmiñi bopp, ñuy
siiwtaane jaloore yu Yàlla!»
12 Ñépp waaru, ba jànnaxe, di wax ci seen
biir naa: «Lii lu muy tekki nag?»
13 Teewul ñenn ñay ñaawle, ne: «Ñii daal
biiñ bu bees doŋŋ lañu naan ba màndi.»

## *Piyeer yee na mbooloo ma*

14 Ci kaw loolu Piyeer taxaw, mook
Fukk ñaak benn, daldi àddu ca kaw, ne:
«Yeen bokki Yawut yi ak mboolem yeen ñi
dëkke Yerusalem, dégluleen bu baax sama
kàddu, ba xam lii lu mu doon.
15 Ñii màndiwuñu, ni ngeen ko fooge,
ndax yoor-yoor doŋŋ a jot.
16 Lii kay mooy kàddu ga Yonent Yàlla
Yowel jottali woon, ne:
17 “Yàlla nee:
Mujug jamono, maay tuur samag Noo ci
kaw ñépp;
seeni doom, góor ak jigéen di biral kàdduy
waxyu,
seeni xale yu góor di gis ay peeñu,
màggat ñi di gént ay gént.
18 Kera jant yooyu, sama jaam ñi, góor ak
jigéen,
maa leen di tuur samag Noo,
ñuy biral kàdduy waxyu.
19 Te maay def ay kiraama fi asamaan
aki firnde ci dun bi fi suuf;
muy deret ak sawara ak niiru saxaar.
20 Jant beey soppaliku ag lëndëm,
weer wi doon deret,
bésu Boroom bi doora taxawe màggaay ak
daraja.
21 Su boobaa, képp ku woo Boroom bi wall
ciw turam, dinga raw*.”
22 «Yeen bokki Israayil, dégluleen wax jii!
Yeesum Nasaret, Yàlla moo firndeele ag
dëggoom ci ay kéemaan aki kiraama aki
firnde yu mu sottale jëmmu Yeesu moomu
fi seen biir, te loolu xam ngeen ko xéll.
23 Nit kooku ñu jébbale ni ko Yàlla dogale
te nasoon ko lu jiitu, yeena ko daajloo
yéefar yi ci bant, reylu ko.

* **1.20** Seetal ci *Taalifi cant* 69.26; 109.8.
* **2.21** Seetal ci *Yowel* 3.1-5.

24 Waaye moom la Yàlla yiwee ci mititu
dee, dekkal ko, ndax dee amul kàttanu tënk
ko.
25 Daawuda wax na ci mbiram ne:
“Maa doon gis Boroom bi fi sama kanam
saa su nekk,
ndijoor la ma fare, ba duma tëréf.
26 Moo tax sama xol di nux-nuxi,
samaw làmmiñ di tex-texi,
sama yaram sax nara noppalujee yaakaar.
27 Doo ma wacc njaniiw moos,
doo seetaan sa Ku sell ki, yaramam di yàqu
ci biir bàmmeel.
28 Yaa ma xamal yoonu dund,
yaa may wéttali ba matal sama mbégte†.”
29 «Bokk yi nag, Maam Daawuda,
manees na leena wax ci lu wér ne nelaw
na, ba ñu denc ko, te bàmmeelam a ngi fi,
nuy gis ba tey jii.
30 Waaye yonent la woon, te xamoon na
ne Yàllaa ko giñaloon ne ku jóge ci geñoom
lay teg cib jalam.
31 Kon li mu gis te dikkagul mooy
ndekkitel Almasi bi, te ci mbiram la wax
ne wàcceesu ko njaniiw, te yaramam du
yàqu ci biir bàmmeel.
32 Yeesu moomu nag, Yàllaa ko dekkal,
nu seede ko, nun ñépp.
33 Yàllaa ko yéege fa ndijooram, te jot na
ci Baay bi Noo gu Sell ga mu dige woon.
Moom la tuur nii tey, ngeen gis ko, dégg ko.
34 Ndax kat du Daawudaa yéeg ci
asamaan, waaye moom ci boppam moo
ne:
“Boroom bi daa wax sama Sang, ne ko:
‘Toogeel sama ndijoor,
35 ba ma def say noon sa ndëggastal‡.’ ”
36 «Kon nag na wóor waa kër Israayil
gépp ne Yeesu moomu ngeen daajoon ci
bant, Yàllaa ko def Sang ak Almasi.»
37 Ba mbooloo ma déggee loolu, naqar
wu mel ni jam-jamu xol la leen def. Ñu ne
Piyeer ak ndaw ya ca des: «Bokk yi, nu nuy
def nag?»
38 Piyeer ne leen: «Tuubleen te ku nekk ci
yeen sóobu ci ndox ci turu Yeesu Almasi bi,
ngir ñu jéggal leen seeni bàkkaar. Noonu
Yàlla dina leen may Noo gu Sell gi.
39 Ndax dige bi, yeen ak seen askan a ko
moom, ak jàmbur ñi féete fu sore ñépp,
mboolem ñi sunu Yàlla Boroom bi woo.»
40 Yeneen kàddu yu bare soññe na leen
ko, ñaaxe leen ko, ne leen: «Muccleen ci gii
maas gu dëng.»
41 Ña nangu kàddug Piyeer nag, ñu sóob
leen ci ndox; bésub keroog lu wara mat
ñetti junni (3 000) yokku nañu ca gëmkat ña.

## *Gëmkat ñi bennoo, Yàlla barkeel*

42 Ci kaw loolu gëmkat yi daan nañoo
pastéefu ci njàngalem ndaw yi ak ci dundal
ag bokkoo, ak ci dagg mburum bokkoo
mi§, ak ci jataayi ñaan.
43 Ba loolu amee ag ragal jàpp ñépp, ay
kiraama yu bare aki firnde daldi sottee ca
jëfi ndaw ya.
44 Gëmkat ñépp benn lañu woon te ñoo
bokkoon lépp.
45 Ci biir loolu seeni suuf ak seen alal
sax, ñu jaay, séddoo ko ñoom ñépp na mu
dëppook seeni soxla.
46 Bés bu nekk nag ñu doon benn bopp,
saxoo teew ca kër Yàlla ga, di dagg
mburum bokkoo ci këroo kër, tey bokk
lekk ci biir mbég ak woyoflu.
47 Ñuy màggal Yàlla, ñépp naw leen. Bés
bu nekk nag Boroom bi di yokk ca
mbooloo mooma, nit ña jota mucc.

# 3

## *Piyeer doxloo na ab lafañ*

1 Piyeer ak Yowaan ñoo doon duggsi ca
kër Yàlla ga, ngir ñaanu digg njolloor.
2 Fekk ñu indi fa waa ju judduwaale
lafañ, ñu daan ko teg bés bu nekk ca bunt
ba ñuy woowe bunt bu Rafet ca kër Yàlla
ga, ngir muy yalwaan ñay duggsi.
3 Waa ja gis Piyeer ak Yowaan, ñuy dugg
ca kër Yàlla ga, mu di leen yalwaan.
4 Ci kaw loolu Piyeer ne ko jàkk, mook
Yowaan, ne ko: «Xool nu.»
5 Lafañ bi teewlu leen, di séentu ci ñoom
ab sarax.
6 Piyeer nag ne ko: «Xaalis ak wurus de,
yoruma ko. Waaye li ma am, jox naa la ko:
ci turu Yeesu Almasi mu Nasaret, doxal!»

† **2.28** Seetal ci *Taalifi cant* 16.8-11. ‡ **2.35** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1. § **2.42** ***dagg mburum bokkoo mi:*** moom
la gëmkat ñi aadawoo woon, bu ñuy lekk. Dagg mburu, moom lañu mujj di woowe Reeru Sang bi.

7 Mu jàpp ci loxol ndijooram, yékkati ko.
Ci saa si ay tànkam aki kostanam dëgër.
8 Mu ne layy, taxaw, tàmbalee dox, ànd
ak ñoom dugg ca kër Yàlla ga, di dox aka
tëbantu, tey sant Yàlla.
9 Mbooloo mépp gis ko, muy dox, di sant
Yàlla.
10 Ñu xàmmee ko, xam ne moo daan toog,
di yalwaan ca bunt bu Rafet ba ca kër Yàlla
ga. Ñu jommi ba jommaaral, ba far gëlëm
ca la ko dikkal.

## *Piyeer waare na*

11 Ba loolu amee waa ji taq ci Piyeer ak
Yowaan, ñépp dawsi, sago jeex, ñu yéew
leen ca mbaaru bunt ba ñu dippee
Suleymaan.
12 Piyeer nag gis loolu, àddu, ne mbooloo
ma: «Yeen bokki Israayil, lu ngeen di
waaru ci lii? Lu ngeen nu naa jàkk, mel ni
sunu manoorey bopp mbaa sunug ragal
Yàlla lanu doxloo kii?
13 Moom Yàllay Ibraayma, di Yàllay
Isaaxa, di Yàllay Yanqóoba, te di sunu Yàllay
maam kay, moo màggal jawriñam Yeesu.
Yeen nag yeena ko teg ciy loxo, jàmbu ko fa
kanam Pilaat, te mu naroon koo bàyyi.
14 Yeen, yeena jàmbu Ku sell ki te jub,
tinul ab bóomkat.
15 Bóom ngeen Kiy dundloo, waaye
Yàllaa ko dekkal, nu seede ko.
16 Gëm aw turam moo waral turam
woowu dooleel nit kii ngeen gis, xam ko.
Kon ngëm moo waral lii; ngëm gu sababoo
ci Yeesu moo ko may mu wér péŋŋ nii ci
seen kanam, yeen ñépp.
17 «Teewul nag bokk yi, xam naa ne ñàkka
xam moo leen taxa jëfe noonu, te loolu it
moo dal seeni kilifa.
18 Waaye Yàlla moo sottale noonu la mu
yégle woon lu jiitu, yonent yépp jottali, ne
Almaseem dina sonn.
19 Kon nag tuubleen te dëpp, ndax seeni
bàkkaar faru.
20 Su boobaa jamonoy péex ay bawoo ci
Boroom bi, te mooy yebal Almasi bi mu
leen jagleel, te muy Yeesu.
21 Moom la asamaan wara dalal, ba kera
jamono ja lépp di dellu jag, na ko Yàlla
waxe woon, yonent yu sell ya woon jottali.
22 Musaa kay noon na: "Boroom bi seen
Yàlla mooy feeñal ci seenu xeet ab yonent
ni man; nangeen ko déggal ci lépp lu mu
leen wax.
23 Képp ku déggalul yonent boobu, dees
na la dagge ci xeet wi, sànk la*."
24 «Te it mboolem yonent yi wax, dale ko
ci Samiyel ak ñi ko wuutu, ñoom it yégle
woon nañu bés yii nuy dund.
25 Yeen nag yeenay ndonoy yonent yi te
yeenay séddu ci kóllëre gi Yàlla fasoon ak
seeni maam, ba mu nee Ibraayma: "Ci saw
askan la xeeti àddina yépp di barkeele†."
26 Yeen la Yàlla njëkka wool jawriñam,
daldi koy yebal ci yeen, ngir barkeel leen,
waññi kenn ku nekk ci yeen mu moy
jikkoom yu bon.»

# 4

## *Piyeer ak Yowaan daje nañook àttekat ya*

1 Naka la Piyeer ak Yowaan di wax ak
mbooloo ma, sarxalkat yaak jawriñu kër
Yàlla gaak Sadusen ya ne jimeet ci seen
kaw.
2 Fekk na leen ñëññ ca la ñuy waare aka
yégle ndekkitel Yeesu, te loolu di dëggal ne
dee-dekki, lu am la.
3 Ñu daldi leen teg loxo, tëj leen ba ca
ëllëg sa, ndax booba guddi na.
4 Fekk na nag, ñu bare ca ña jotoona
dégg kàddu ga gëm nañu, ba limu gëmkat ña
tollu ci juróomi junni (5 000).
5 Ca ëllëg sa kilifay Yawut yi ak magi
askan wi ak firikati yoonu Musaa yi daje
Yerusalem.
6 Anas, sarxalkat bu mag ba ca la, ak
Kayif ak Yowaan ak Alegsàndar ak
mboolem bokki sarxalkat bu mag.
7 Ñu taxawal Piyeer ak Yowaan ca digg
ba, laaj leen ne: «Yeen, lii ngeen def, ci ban
xam-xam ak ci wan tur ngeen ko defe?»
8 Fa la Piyeer feeseek Noo gu Sell gi, ne
leen: «Yeen kilifay xeet wi ak magi askan
wi,
9 ndegam yoon moo nuy laaj lu jëm ci
ndimbal lu ab lafañ jagoo, ak ci man pexe
la lafañ bi mucce,
10 xamleen xéll, yeen ñépp ak bànni
Israayil gépp, ne ci turu Yeesu Almasi mu

* **3.23** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 18.15, 19. † **3.25** Seetal ci *Njàlbéen ga* 22.18.

Nasaret, ki ngeen daajoon ci bant, te Yàlla
dekkal ko, ci turam doŋŋ la kii wére, ba
taxaw ci seen kanam.
11 Yeesu moomu mooy:
“Doj wi ngeen beddi woon, yeen tabaxkat
yi,
te mu mujj di doju koñu tabax bi*.”
12 Mucc kat amul ci keneen, ndax fi
asamaan tiim, mayeesul fi nit ñi weneen
tur wu nu wara mucce.»
13 Ba waa kuréelu àttekat ya gisee fit wi
Piyeer ak Yowaan àndal, te ñu xam ne niti
neen ñu masula jàng lañu, dañoo waaru.
Xamoon nañu nag ne ñook Yeesoo
nekkoon.
14 Te itam ka ñu wéral a nga taxaw fa
seen wet, ñuy gis. Manuñu caa tegati dara.
15 Ba mu ko defee ñu joxe ndigal, génne
leen, daldi gise ci seen biir.
16 Ñu ne: «Lu nuy def ak ñii? Ndax kat
firnde lu leer sottee na fi ci ñoom; leer na
nàññ waa Yerusalem gépp, te manunu koo
weddi.
17 Waaye kat bu mbir mi gëna siiw ci
xeet wi. Nan leen tëkku, ngir aaye leen ñu
waxati kenn tur woowu.»
18 Ñu woo leen nag, aaye leen, ne leen
mayatuñu leen benn yoon ñu waxati lenn,
mbaa ñuy jàngale ci turu Yeesu.
19 Piyeer ak Yowaan ne leen: «Ndax li
jaadu fa Yàlla mooy nu déggal leen, yeen,
bàyyi Yàlla? Yeenay àtte loolu.
20 Waaye nun, li nu gis, dégg ko, manunu
koo baña wax.»
21 Ba loolu amee ñu tëkkuwaat leen, door
leena yiwi, ñu dem, gannaaw manuñu
leena mbugal te amuñu bunt ci ñoom ndax
mbooloo ma, te ñépp di màggal Yàlla ca la
xew,
22 ngir waa ja kéemtaan ga wérloo amoon
na lu wees ñeent fukki at.

### *Mbooloom gëmkat ñi ñaan na ci Yàlla*

23 Gannaaw ba ñu yiwee Piyeer ak
Yowaan, ñu dem ca seen bokki gëmkat,
nettali leen mboolem la leen sarxalkat yu
mag yaak magi askan wa wax.
24 Ba ko bokk ya déggee, ñoom ñépp a
mànkoo, daldi yékkati kàddug ñaan fa Yàlla,
ne: «Buur Yàlla, yaa sàkk asamaan ak suuf
ak géej ak lépp li ci biir.
25 Yaa wax ci Noo gu Sell gi ci sunu
gémmiñu maam Daawuda sa jaam bi, nga
ne:
“Ana lu xeeti àddina di riire?
Lu xeet yiy lale pexey neen?
26 Buuri àddinaa jógandoo,
kilifa yee lëkkoo, di fexeel Boroom bi ak
Almaseem†.”
27 Dëgg la moos, ndax ci dëkk bii la Erodd
ak Poñsë Pilaat lëkkoo, ànd ak xeeti
àddinaak bànni Israayil ci kaw Yeesu, sa
jawriñ ju sell ji nga fal.
28 Noonu it lañu sottale mboolem li nga
dogaloon ci sa loxo ak sa coobare.
29 Léegi nag Boroom bi, bàyyil xel seeni
tëkkoo te nga may nu, nun say jaam, nuy
wax sa kàddu ak fit wu mat sëkk.
30 Ngalla tàllalal sa loxo ngir di wéral aka
amal ay firnde aki kéemaan ci turu Yeesu,
sa jawriñ ju sell ji.»
31 Ba ñu ñaanee ba noppi, béreb ba ñu
daje daa yëngu, ñu fees ak Noo gu Sell gi
ñoom ñépp; ñu daldi tàmbalee waxe fit
kàddug Yàlla gi.

### *Gëmkat ñi ñoo bokkoon lépp*

32 Ci kaw loolu mboolem gëmkat ñi bokk
menn xel ak benn xalaat. Du kenn ku ne
moo moom lenn ci alalam, waaye ñoo
bokkoon lépp ci seen biir.
33 Ndaw yi nag di seedee doole ju réy ne
Sang bi Yeesu dekki na, yiw wu yaa di leen
dikkal ñoom ñépp.
34 Kenn ci ñoom ndóolul, ndax képp ku
ciy boroom suuf mbaa ay kër, da koy jaay,
indi njëg gi,
35 teg ko ci kanam ndaw yi. Su ko defee
ku nekk séddu ca la dëppook soxlaam.
36 Ku mel ni Yuusufa, bokk ci giirug
Lewi, te dëkk ca dunu Sippar, ndaw yi
daan ko wax Barnabas, muy firi Ñaaxekat
bi,
37 ab tool la amoon. Da koo jaay, indi
xaalis bi, teg fi kanam ndaw yi.

## 5

### *Mbugal dab na Anañas ak Safira*

1 Naka noonu ku ñuy wax Anañas, te ku
ñuy wax Safira di jabaram, daldi jaay aw
làccu suuf.

* **4.11** Seetal ci *Taalifi cant* 118.22. † **4.26** Seetal ci *Taalifi cant* 2.1-2.

2 Mu yégook jabaram, daldi làq lenn ca
njëg ga, ba noppi indi la ca des, teg ko ca
kanam ndaw ya.

3 Ba loolu amee Piyeer ne ko: «Anañas, lu
waral Seytaane di fees sab xol, ba ngay
wor Noo gu Sell gi, di làq lenn ci njëgu tool
bi?
4 Ba mu jaragul, du yaa doon boroom?
Gannaaw ba mu jaree it, xanaa du njëg
gaa ngi ci sa loxo ba tey? Ana noo mana
xajale mii mébét ci sa xol? Du nit nga wor
de, waaye Yàlla nga wor.»

5 Naka la Anañas dégg kàddu yooyu, mu
daldi daanu, dee. Tiitaange ju réy nag
dikkal ña ko dégg ñépp.
6 Ba loolu amee xale yu góor ya dikk,
sàng ko, yóbbu suuli.

7 Ñu teg ca lu wara tollook ñetti waxtu,
jabaram duggsi, te yégul la xew.
8 Piyeer ne ko: «Wax ma, ndax lii mooy
njëgu tool bi?» Mu ne ko waaw, nàngam la.

9 Ci kaw loolu Piyeer ne ko: «Ana lu
ngeen di mànkoo, di nattu Noowug
Boroom bi? Déglul, tànk yi suuli woon sa
jëkkër a ngoogu ci bunt bi di la yóbbusi yaw
it.»
10 Ca saa sa ndaw sa daanu cay tànkam,
dee. Xale yu góor yi duggsi, fekk ko mu
dee; ñu yóbbu ko, suul ko ca wetu jëkkëram.
11 Ba loolu amee tiitaange ju réy jàpp
mbooloom gëmkat ñépp ak ña ko dégg
ñépp.

## *Ndawi Almasi bi faj nañu ñu bare*

12 Ci kaw loolu ay firnde ak kéemaan yu
bare di sottee ci loxol ndaw yi, ci biir
askan wi. Gëmkat ñi nag di bokk daje ñoom
ñépp fa ñuy wax Mbaarum Suleymaan, ca
biir kër Yàlla ga,
13 waaye kenn ca ña ca des ñemewula
jaxasoo ak ñoom. Teewul askan wa
nawloo leen lool.
14 Gëmkati Sang bi nag di gëna bare, ñuy
wàllisi, ba doon mbooloo mu mag, góor ak
jigéen.
15 Nit ñi dem bay génne jarag ji ci mbedd
yi, teg leen ci ay laltu aki basaŋ, ngir bu fa
Piyeer jaaree, lu bon bon takkndeeram
mana dal ñenn ci ñoom.
16 Ci biir loolu nit ñu bare bàbbeekoo ca
dëkk ya séq Yerusalem, indi ay jarag ak ñu
rab sonal; ñoom ñépp daldi wér.

## *Fitnaal nañu ndaw yi*

17 Ba mu ko defee xolu kañaan dugg
sarxalkat bu mag ba ak mboolem ña ko
dar, te di waa ngérum Sadusen ña.
18 Ñu teg ndaw ya loxo, tëj leen ca kaso
ba.
19 Ca guddi ga nag malaakam Boroom bi
ubbi bunti kaso ba, génne leen, ne leen:
20 «Demleen taxaw ca digg kër Yàlla ga,
ngeen xamal askan wi mboolem lu jëm ci
dund gii.»
21 Gannaaw ba ñu déggee loolu, ba bët
set, ñu dugg ca kër Yàlla ga, di waare.

Ci biir loolu sarxalkat bu mag ba ak ña
ko dar, dikk, woolu kuréelu àttekat ya,
mboolem kuréelu njiiti bànni Israayil; ñu
yónnee, ngir jëli ndaw ya ca kaso ba.
22 Dag ya nag dikk, fekkuñu leen ca kaso
ba, ñu dellu yégleji ko,
23 ne: «Danoo fekk kaso ba tëje ràpp,
wattukat ya taxaw ca bunt ya. Nu tijji,
fekkunu kenn ca biir!»
24 Jawriñu kër Yàlla ga ak sarxalkat yu
mag ya dégg loolu, daldi jaaxle lool ci
ndaw yi, di xalaat nu mbir miy mujje.

25 Mu am ku dikk, ne leen: «Ña ngeen
tëjoon kaso déy a nga noonu ca kër Yàlla ga,
di waare.»
26 Ci kaw loolu jawriñu kër Yàlla ga ak
dag ya jëli ndaw ya ndànk, bañ leena jaay
doole, ngir ragal nit ñi sànni leen ay doj.

27 Ñu indi leen, taxawal leen ca kanam
kuréelu àttekat ya, sarxalkat bu mag ba
laaj leen,
28 ne: «Xanaa aayewunu leen woon ne
buleen waareeti mukk ci woowu tur?
Yeena ngi nii ubale Yerusalem ak seen
waare, ngeen nar nu cee gàdduloo
bakkanu nit kii!»
29 Piyeer ak ndaw ya ca des nag ne leen:
«Yàlla lees wara déggal, waaye du nit.
30 Sunu Yàllay maam moo dekkal Yeesu,
mi ngeen wékk ci bant, bóom ko.
31 Moom la Yàlla yéege fa ndijooram, def
ko muy Njiit, di Musalkat, ngir may bànni
Israayil ag tuubeel ak njéggalug bàkkaar.

32 Nun noo seede loolu, nook Noo gu Sell
gi Yàlla jagleel ñi ko déggal.»
33 Ba ñu déggee loolu, dañoo mer ba fees,
nar leena rey.
34 Ab Farisen bu ñuy wax Gamalyel, di
jàngalekatu yoonu Musaa bu ñépp nawloo,
daldi taxaw ca digg kuréelu àttekat ya. Mu
joxe ndigal ngir ñu génne leen ab diir.
35 Ba ñu génnee, mu ne waa kuréel ga:
«Yeen bokki Israayil, moytuleen bu baax li
ngeen di def ak nit ñii.
36 Ndaxte bu yàggul la Tëdas jóg, di jaay
daraja, ba lu wara tollook ñeenti téeméeri
nit far ak moom. Ñu rey ko, ña ko toppoon
ñépp tasaaroo, seen pexe mujjewul fenn.
37 Gannaawam it Yuda mu Galile jóg, ca
jant ya ñu doon lim waa réew mi; mu
yóbbaale mbooloo mu ko topp. Moom itam
dee, ña ko toppoon ñépp tasaaroo.
38 Léegi nag, dama ne, mànduleen ci ñii,
te ba leen, ngir su seen mébét mbaa seen
jëf bawoo ci nit, day yàqu rekk.
39 Waaye su bawoo fa Yàlla nag,
dungeen ko mana fanq, moytuleena
jànkoonte ak Yàlla.»
Ñu daldi fekksi Gamalyel,
40 woowaat ndaw ya. Ba loolu amee ñu
dóor leen, aaye leen ñu waxati lenn ci turu
Yeesu, door leena yiwi.
41 Ndaw ya nag bàyyikoo ca kuréelu
àttekat ya, di bég, gannaaw ñoom lañu jàpp
ne ñoo yelloo toroxte ga ñu leen teg ndax
Tur wi*.
42 Ci kaw loolu bés bu nekkaan, muy ca
kër Yàlla, di ca biir kër ya, noppiwuñoo
jàngale aka xamle xibaaru jàmm bi yéene
ne Yeesu mooy Almasi bi.

## 6

### *Tabb nañu jàppalekati mbooloom gëmkat ñi*

1 Jant yooyu nag, naka taalibe yi di gëna
bare, Yawut ñiy làkk gereg tàmbalee ñaxtu
ci kaw Yawut ñiy wax seen làmmiñu bopp
ndax néewal gu ñu gis ñu néewal ko seeni
jëtun ca na ñuy séddalee ag ndimbal bés bu
nekk.
2 Ba mu ko defee Fukk ñaak ñaar woo
mbooloom taalibe ya, ne leen: «Nu sàggane
kàddug Yàlla, di toppatoo mbirum séddale
daal, jekkul ci nun.
3 Kon nag bokk yi, seetleen ci seen biir
juróom ñaar ñu rafet seede, soloo Noo gu
Sell gi te rafet xel, nu dénk leen sas woowu.
4 Nun nag nanu wéye ñaan gi, ak liggéey
bi ci kàddu gi.»
5 Wax jooju daldi neex mbooloo mépp.
Ñu seppi Eccen, nit ku fees ak ngëm ak
Noo gu Sell gi, seppi Filib ak Porokor ak
Nikanor ak Timon ak Parmenas ak
Nikolas ma dëkke Àncos te dib tuubeen bu
duggoon lu jiitu ci yoonu Yawut.
6 Ñu indi leen fa kanam ndaw ya, ñu
ñaanal leen, teg leen loxo.
7 Ba loolu amee kàddug Yàlla di law, limu
taalibe yi yokku ba bare lool ci biir
Yerusalem, sarxalkat yu bare daldi topp
yoonu ngëm wi.

### *Jàpp nañu Eccen*

8 Ci kaw loolu Eccen mi yiwu Yàlla def ag
leer fees ko, di def ay kéemaan ak firnde yu
mag ci biir askan wi.
9 Ba loolu amee ñenn ca jàngu Yawut ba
ñuy wax jàngub waa Goreel ga, daldi jóg, di
tàmbalee weranteek Eccen. Ay niti waa
Siren a nga ca, ak waa Alegsàndiri, ak waa
diiwaani Silisi ak Asi.
10 Teewul àttanuñu xelam mu rafet ak
Noo gu Sell ga muy waxe.
11 Ñu daldi ger ay nit ngir ñu duural ko,
ne: «Noo ko dégg, mu yékkati kàdduy saaga,
jëme ci Musaa ak ci Yàlla.»
12 Ba loolu amee ñu xabtal nit ñi ak magi
askan wi ak firikati yoonu Musaa yi, ñu ne
jalañ, jàpp Eccen, yóbbu ca kuréelu àttekat
ya.
13 Ñu indeeti foofa ay seedey naaféq yu
ne: «Kii du bàyyee wax mukk lu juunoo ak
kër Yàlla gii ak yoonu Musaa.
14 Noo ko dégg mu ne Yeesu mu Nasaret
moomu dina màbb kër Yàlla gii te dina
soppi aada yi nu Musaa bàyyee.»
15 Mboolem ña ca kuréelu àttekat ya nag
ne jàkk Eccen; ñu gis xar-kanam ba ne
ràññ ni xar-kanamu malaaka.

## 7

### *Eccen layoo na*

* **5.41** ***Tur wi*** mooy turu Sang Yeesu Almasi bi.

1 Sarxalkat bu mag ba ne ko: «Ndax loolu
dëgg la?»
2 Eccen ne ko: «Yeen bokk yi, yeen
samay baay, dégluleen! Yàlla, miy Boroom
daraja moo feeñu woon sunu maam
Ibraayma, ba mu nekkee ca réewum
Mesopotami, bala moo sanc Karan.
3 Mu ne ko: “Jógeel sam réew, jóge ci say
bokk, te nga dem ca réew mi ma lay won*.”
4 «Mu daldi jóge réewum waa Kalde, sanci
Karan. Fa la ko Yàlla toxale gannaaw ba
baayam faatoo, sancal ko ci réew mii
ngeen dëkk tey.
5 Taxul mu muurale ko lenn ci réew mii,
du sax fu mu teg tànkam. Teewul mu dig
ko, ne moom lay moomale réew mi, mook
askanam wa koy wuutuji, te fekkul sax
mu am doom.
6 Yàlla ne ko: “Saw askan dinañu toxuji
bitim réew, te dees na leen def ay jaam,
mitital leen diiru ñeenti téeméeri at (400).”
7 Yàlla neeti ko: “Xeet wi leen di def jaam
nag, man maa leen di mbugal. Gannaaw
loolu dinañu fa génne, jaamusi ma ci béreb
bii†.”
8 Yàlla daldi fasook Ibraayma kóllëre gu
mu màndargale xaraf. Moo tax Ibraayma
xarafal doomam Isaaxa, ba mu juddoo ba
am juróom ñetti fan; Isaaxa, Yanqóoba;
Yanqóoba, fukki maam yaak ñaar.
9 «Maam yooyu nag iñaane seen doomu
baay Yuusufa, ba jaay ko njaam, ñu yóbbu
ko Misra. Teewul Yàlla ànd ak Yuusufa,
10 xettali ko ci coonoom yépp, rafetal
xelam, may ko itam Firawna buuru Misra
baaxe ko; mu def ko kilifa ci Misra ak ci
biir ëttu këram gépp.
11 «Ci kaw loolu ab xiif dikkal Misra gépp
ak réewum Kanaan. Mu metti lool. Sunuy
maam nag amatuñu ab dund.
12 Yanqóoba dégg ne ab dund am na
Misra. Ca la fa njëkka yebal sunu maam ya.
13 Seen ñaareel bi yoon la Yuusufa
xàmmiku ay doomi baayam, Firawna nag
doxe ca xam cosaanu Yuusufa.
14 Ci kaw loolu Yuusufa yeble, indi
baayam ak bokkam yépp, ñuy juróom ñaar
fukki nit ak juróom.
15 Noonu la Yanqóoba deme Misra, ba
faatoo fa, mook sunuy maam.
16 Gannaaw gi lañu toxal seeni yax ca
Sikem, denc leen ca bàmmeel, ba Ibraayma
weccikoo woon xaalis ca doomi Amor ca
Sikem.
17 «Ñu dem ba dige ba Yàlla giñaloon
Ibraayma di waaja sotti, yemook xeet wi
yokku, di gëna bare ci Misra,
18 ba beneen buur bu xamul Yuusufa
falu ca Misra.
19 Buur boobu nag di muusaatu sunu
xeet wi, di mitital sunuy maam, di leen
sànniloo seeni liir, ngir ñu baña dund.
20 «Booba la Musaa juddu, rafet ba fa
kanam Yàlla, ñu yor ko ñetti weer ci biir
kër baayam.
21 Ba ñu ko sànnee, doomu Firawna ju
jigéen a ko foral boppam, yar ko ni
doomam ju mu jur.
22 Musaa nag di ku mokkal mboolem
xam-xamu Misra, te ràññiku lool ci wax ak
ci jëf.
23 «Ba ñeent fukki atam matee, xelum
seeti bokki bànni Israayilam dikkal ko.
24 Ci kaw loolu mu gis ca ku ñuy néewal
doole, mu sotle ko, daldi rey waayi Misra
ja, feyul ka mu néewal.
25 Booba Musaa foog na ne ay bokkam
xam nañu ne ciy loxoom la leen Yàlla di
indile wall, ndeke xamuñu ko.
26 Ca ëllëg sa mu juux ci ay Yawut yuy
xeex, di leen jéema jubale, ne leen: “Yeen
ay bokk ngeen, lu tax ngeen di lorante?”
27 Ka doon néewal doole moroom ma
bëmëx Musaa, ne ko: “Yaw, ku la def kilifa
mbaa àttekat ci sunu kaw?
28 Xanaa danga maa nara rey, na nga
reye waayi Misra ja démb‡?”
29 Musaa dégg kàddu googu, daldi
gàddaay, dem dali réewum Majan, ba am fa
ñaari doom yu góor.
30 «Mu teg ca ñeent fukki at, malaaka
feeñu ko ca màndiŋu tundu Sinayi, ci biir
tàkk-tàkku sawara wu jafal ab gajj.
31 Musaa gis peeñu moomu, yéemu; mu
dikk ba jege ko ngir niir ko, kàddug
Boroom bi daldi jib. Mu ne:

* 7.3 Seetal ci *Njàlbéen ga* 12.1. † 7.7 Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.13-14. ‡ 7.28 Seetal ci *Mucc ga* 2.14. § 7.32 Seetal ci *Mucc ga* 3.6.

32 “Man maay sa Yàllay maam, maay
Yàllay Ibraayma ak Isaaxa ak Yanqóoba[§].”
Musaa tiit bay lox, ñemeetula xool.
33 Boroom bi ne ko: “Summil say dàll,
ndax fii nga taxaw, suuf su sell la.
34 Gis naa bu baax sama coonob ñoñ ci
Misra; maa dégg seeni onk, ba wàcc ngir
wallusi leen. Léegi nag dikkal, ma yebal la
Misra[*].”
35 «Musaa moomu ñu weddi woon, ne ko:
“Yaw, ku la def kilifa mbaa àttekat?” Moom
nag la Yàlla def kilifa ak ab jotkat, yebal ko
ci ñoom, malaaka ma feeñu Musaa ca gajj
ba, daldi koy jottali yóbbante ba.
36 Moo leen génne réewum Misra, moo
def ay kéemaan aki firnde ca réew ma ak ca
géeju Barax ya ak ca màndiŋ ma, diiru
ñeent fukki at.
37 Musaa moomu moo noon bànni
Israayil: “Yonent bu mel ni man la leen
Yàlla di feeñalal ci seen biiri bokk[†].”
38 Moom it moo nekkoon ak mbooloo
ma ca màndiŋ ma, mook malaaka ma
doon wax ak moom ca kaw tundu Sinayi
ca sunu wetu maam ya. Moo jot ci kàddu
yuy dund, ngir jottali nu ko.
39 Kooku la sunuy maam nanguwul
woona déggal. Dañu koo far xarab,
namma walbatiku dellu Misra.
40 Ñu ne Aaróona: “Sàkkal nu ay yàlla yu
nu jiite, ndax Musaa mii nu génne réewum
Misra, xamunu lu ko dal[‡].”
41 Jant yooyu lañu sàkk jëmmu sëllu, defal
jëmm ja ab sarax, di bànneexoo lu ñu sàkke
seeni loxo.
42 Yàlla nag dëddu leen, bàyyi leen, ñuy
jaamu biddiiw yi, ni ñu ko binde ci téereb
yonent yi, ne:
“Yeen waa kër Israayil, saraxu jur ak
yeneen sarax,
ndax man ngeen ko daan indil diiru ñeent
fukki at ca màndiŋ ma?
43 Molog seen tuur mi, ngeen yóbbaale
xaymab jaamookaayam,
ak seen biddiiwu yàlla ji ñu naa Refan,
jëmm yooyu ngeen sàkk, di leen sujjóotal!
Kon nag maa leen di toxal ca wàllaa
Babilon[§].”
44 «Xaymab seede baa nga woon ak
sunuy maam ca màndiŋ ma, ñu sàkke ko na
ko ka doon wax ak Musaa sante, dëppale
kook misaal ma Musaa gisoon.
45 Xayma ba la sunuy maam jot, dugal
ko ci kilifteefu Yosuwe ca biir réewum xeet
ya leen Yàlla dàqal. Xayma ba nekk fa, ba
ca janti Daawuda.
46 Daawuda ma Yàlla baaxe woon, sàkku
woon na am màkkaan ngir Yàllay Yanqóoba.
47 Waaye Suleymaan moo ko mujj
tabaxal kër.
48 «Moona Aji Kawe ji du dëkke lu loxo
defar, mooy la yonent ba ne:
49 “Asamaan sama ngàngunee,
suuf di sama ndëggastal.
Ana kër gu ngeen may tabaxal?
Boroom bee ko wax.
Mu ne: Ana ban béreb ay sama dalluwaay?
50 Loolu lépp, xanaa du sama loxoo ko
sàkk[*]?”
51 «Yeena dëgër bopp, yeenay boroomi
xol ak noppi yéefar! Xanaa dungeen
noppee të Noo gu Sell gi? Maam ya, doom
ya rekk!
52 Kan ci yonent yi la seeni maam
fitnaalul? Ñoo rey démb ña yégle woon
ñëwug Aji Jub ji ngeen wor tey, bóom ko.
53 Yeen de yeena jotoon ci yoonu Musaa
wi ay malaaka jottali, te taxul ngeen jëfe
ko.»

### *Bóom nañu Eccen*

54 Naka lañu dégg loolu, seen xol fuddu,
ñuy yéyu ci kawam.
55 Eccen nag fees ak Noo gu Sell gi, ne
jàkk asamaan, daldi gis leeru Yàlla, gis
Yeesu taxawe fa ndijooru Yàlla.
56 Mu ne: «Asamaan a ngii ma gis, mu
ubbiku, Doomu nit kaa ngii taxaw fi
ndijooru Yàlla!»
57 Ba loolu amee ñu yuuxu ca kaw, dar
seeni nopp, daldi ànd, ne milib ca kawam;
58 ñu wat-watee ko, génne ko dëkk ba, di
ko dóor ay doj. Fekk na seede ya summi
seeni mbubb, juug ca tànki benn xalelu
góor bu ñuy wax Sóol.

---

[*] **7.34** Seetal ci *Mucc ga* 3.5, 7-8, 10. [†] **7.37** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 18.15. [‡] **7.40** Seetal ci *Mucc ga* 32.1. [§] **7.43** Seetal ci *Amos* 5.25-27. [*] **7.50** Seetal ci *Esayi* 66.1-2.

59 Ñuy dóor Eccen ay doj, moom muy
ñaan Yàlla, naan: «Sang Yeesu, nangul sama
bakkan!»
60 Mu ne gurub, samp bëti óomam, daldi
àddu ca kaw, ne: «Sang bi, bu leen topp bii
bàkkaar.» Naka la wax loolu, daldi faatu.

# 8

1 Sóol nag rafetlu woon na la ñu bóom
Eccen.

### *Fitnaal nañu mbooloo mi*

Bésub keroog teg nañu mbooloom
gëmkat ña ca Yerusalem fitna ju metti ba,
lu moy ndawi Almasi bi, ñoom ñépp a
tasaaroo ca diiwaani Yude ak Samari.
2 Ay nit ñu ragal Yàlla nag rob Eccen,
ñaawlu deewam lool.
3 Ci biir loolu Sóol moom, ma ngay jéema
faagaagal mbooloom gëmkat ñi, di dugg ci
kër yi, diri góor ak jigéen, génne, tëjlu leen
kaso.

### *Filib waare na ca Samari*

4 Gëmkat ña tasaaroo di xamle fépp fu ñu
jaare, xibaaru jàmm bu kàddu gi.
5 Noonu la Filib deme péeyub Samari, di
siiwtaane Almasi bi.
6 Ba waa dëkk ba déggee mbaa ñu gis
kéemaan ya muy def, ñoo bokk teewlu ay
waxam.
7 Ndax bare na ca ñu rab jàppoon te mujj
bàyyi leen, génne yuux yu réy; bare na ca it
ñu lafañ ak ñu làggi woon te mujj wér.
8 Muy mbég mu réy nag ca dëkk boobee.

### *Ab ñeengokat gis na ku ko joŋ*

9 Ku ñuy wax Simoŋ nag yàggoon na ca
dëkk ba, di ñeengo. Ku waar waa Samari la
woon, te doon tuddoo nit ku màgg.
10 Ñépp, mag ak ndaw, teewlu ko, naan:
«Kii mooy dooley Yàlla ci boppam. Moom
lañuy wax “Màggle”.»
11 La ñu ko teewloo woon moo di jëfi
ñeengo ya mu leen yàgga yéeme.
12 Waaye ba ñu gëmee Filib ma leen
xamal xibaaru jàmm, bi jëm ci nguurug
Yàlla ak turu Yeesu Almasi bi, góor ak
jigéen daldi nangu, ñu sóob leen ci ndox.
13 Simoŋ ci boppam gëm, moom it, ñu
sóob ko ci ndox. Simoŋ nag bàyyeetul Filib.
Ba mu gisee firnde yaak kiraama yu mag
yay am, moom moo yéemu.
14 Ba ndaw ya ca Yerusalem yégee ne
waa Samari nangu nañu kàddug Yàlla,
Piyeer ak Yowaan lañu fa yebal.
15 Ñu agsi Samari, ñaanal gëmkat ña, ngir
ñu jot Noo gu Sell gi.
16 Ndax booba Noo gi wàccagul woon ci
kenn ci ñoom, dees leena sóoboon rekk ci
ndox ci turu Sang Yeesu.
17 Ba loolu amee Piyeer ak Yowaan teg
leen loxo, ñu jot Noo gu Sell gi.
18 Simoŋ nag gis noonee mayug Noo gu
Sell gi sababoo ci tegeb loxo bu ndaw ña
amal, ba tax mu indil leen xaalis.
19 Mu ne leen: «Mayleen ma man itam
xam-xam bii, ngir ku ma teg loxo, nga jot
Noo gu Sell gi.»
20 Piyeer ne ko: «Na sa xaalis ànd ak yaw
asaru, ndegam ab xaalis nga yaakaara
jënde mayu Yàlla!
21 Amuloo benn wàll mbaa ab cér ci lii,
ndax sa xol a jubul ci kanam Yàlla.
22 Réccul nag sa mbon gii, te ñaan
Boroom bi; jombul mu baal la sa mébétu
xol.
23 Ndax gis naa ni nga sóoboo ci wextanu
kañaan, keppu ci ndëngte.»
24 Simoŋ ne leen: «Ñaanalleen ma
Boroom bi, yeen ci seen bopp, ngir li
ngeen wax lépp, lenn bañ ma cee dab.»
25 Gannaaw ba Piyeer ak Yowaan
seedeelee kàddug Boroom bi, biral ko,
Yerusalem lañu dellu, di xamle xibaaru
jàmm bi ci ay dëkki Samari yu bare.

### *Filib yee na ab jaraafu Ecopi*

26 Menn malaakam Boroom bi nag wax
Filib, ne ko: «Fabul jubal bëj-saalum; yoon
wa kenn jaareetul te bartaloo Yerusalem,
jëm Gasa.»
27 Filib fabu, dem. Ndeke am na jenn
waayu Ecopi* ju màggalsi woon
Yerusalem. Nit kooku doonoon moraange,
te di jaraaf ju mag ju Kàndas Lingeeru
Ecopi; moo doon saytu mboolem alalu
Lingeeru Ecopi.

* **8.27** ***Ecopi*** ga woon, dees na ko woowe Kuus itam, muy diiwaan bu feggoo woon ak dexu Niil, te nekkoon diggante bëj-gànnaaru Sudan ak bëj-saalumu Misra.

28 Naka la jaraaf ja màggalsi bay dellu
Ecopi, toog ca watiiram, di jàngaale téereb
Yonent Yàlla Esayi,
29 Noowug Yàlla ne Filib: «Doxal, dab
watiir bale.»
30 Filib dabsi waayi Ecopi ja, daldi dégg
muy jàng téereb Yonent Yàlla Esayi. Mu ne
ko: «Ndax xam nga li ngay jàng?»
31 Mu ne ko: «Nu ma ko mana xame, te
kenn firilu ma ko?» Ba loolu amee mu ne
Filib, mu yéeg, toog ak moom. Filib yéeg.
32 Lii nag mooy dogu Mbind ma mu
doon biral:
«Dees koo yóbbu ni xar mu ñuy rendiji;
mbete mburt mu ne cell ci kanam ki koy wat,
ubbiwul gémmiñam.
33 Ci biir toroxteem lañu ko xañ dëggam;
kuutaayam nag, ana ku ci mana wax?
Ndegam bakkanam lañu toxale kaw suuf†.»
34 Jaraaf ja ne Filib: «Yaw laay laaj, ci kan
la yonent bi wax lii? Boppam lay wax am
keneen?»
35 Filib daldi àddu, tàmbalee ci dog boobu,
xamal ko xibaaru jàmm bi ci mbirum
Yeesu.
36 Ba loolu amee ñu topp yoon wi, ba
yem ci am ndox. Jaraaf ja ne ko: «Ndox a
ngii, ana lu tee ma sóobu ci?»
37 Filib ne ko: «Soo gëmee ci sa léppi xol,
sañ nga ko.» Mu ne ko: «Gëm naa ne Yeesu
Almasi bi mooy Doomu Yàlla‡.»
38 Ci kaw loolu jaraaf ja santaane ñu
taxawal watiir ba; Filib ak jaraaf ja wàcc,
ñu dugg ñoom ñaar ca ndox ma, Filib sóob
ko ca.
39 Naka lañu génne ca ndox ma,
ngelawal Boroom bi ne cas Filib, yóbbu,
jaraaf ja gisatu ko. Teewul mu topp
yoonam, ànd ak mbég.
40 Filib moom, dëkk ba ñuy wax Asot la
gisaat boppam. Mu wéye di xamle xibaaru
jàmm bi ci dëkkoo dëkk, ba àgg Sesare.

# 9

### *Sóol tuub na*

1 Ci biir loolu Sóol moom, noyyeewul lu
moy di tëkkooka jéema bóom taalibey Sang
bi. Mu dem nag ca sarxalkat bu mag ba,
2 di sàkku ay bataaxal yu ñeel jànguy dëkk
ba ñuy wax Damaas, bataaxal yu yóbbante
ndigal lu yeewlu képp ku ñu fa gis ku bokk
ci Yoon woowu, góor ak jigéen, ngir mu
jàpp leen, indi leen Yerusalem.
3 Naka la Sóol dem ba jub Damaas, ag
leer fettaxe asamaan, jekki ne ràyy ci
kawam.
4 Mu ne dàll ci suuf, daldi dégg baat bu
ko ne: «Sóol, Sóol, lu tax nga di ma
bunduxataal?»
5 Mu ne: «Yaay kan Sang bi?» Mu ne:
«Man maay Yeesu, mi ngay bunduxataal.
6 Léegi nag, jógal, dugg ci dëkk bi, dees na
la wax li nga wara def.»
7 Nit ña ànd ak moom a nga taxaw,
jommi ba ne cell; dégg nañu baat bi te
gisuñu kenn.
8 Sóol jóg, xippi, gisul dara; ñu daldi koy
wommat, dugal ko biir Damaas.
9 Diiru ñetti fan gisul dara, lekkul,
naanul.
10 Ab taalibe bu ñuy wax Anañas nag ma
nga woon ca Damaas. Sang bi feeñu ko, ne
ko: «Anañas!» Mu ne ko: «Maa ngi, Sang bi.»
11 Sang bi ne ko: «Demal ba ca mbedd ma
ñuy wax mbedd mu Jub, te nga seet ca kër
Yuda ku ñuy wax Sóol te dëkke Tàrs. Ma
ngay ñaan.
12 Dafa gis cim peeñu ku ñuy wax Anañas
duggsi, teg ko loxo, ngir mu dellu di gis.»
13 Anañas nag ne ko: «Sang bi, maa dégge
ci ñu bare mbirum kooku, ñu seede
mboolem jëf ju bon ji mu def say nit ñu
sell ci biir Yerusalem.
14 Te moo yor ndigal lu tukkee ci
sarxalkat yu mag yi, ngir yeewlu képp kuy
tudd saw tur.»
15 Sang bi ne ko: «Demal, ndax kooku
jumtukaay laa ko tànne, ngir mu xamali
sama tur, xeeti jàmbur yi ak seeni buur,
xamal ko itam bànni Israayil.
16 Maa koy won mboolem coono bi mu
wara dékku ngir sama tur.»
17 Ci kaw loolu Anañas dem, dugg ca kër
ga, teg Sóol loxo, ne ko: «Mbokk mi Sóol,
Sang Yeesu, mi la feeñu woon ci yoon wi
nga dikke, moo ma yebal ci yaw, ngir nga
dellu di gis te fees ak Noo gu Sell gi.»

† **8.33** Seetal ci *Esayi* 53.7-8. ‡ **8.37** Aaya 37 nekkul ci mbind yu bare yu njëkk ya.

18 Ca saa sa lu mel niy waasintóor
wadde ca bët ya, mu dellu di gis. Mu daldi
jóg, ñu sóob ko ci ndox.
19 Ba loolu wéyee, mu lekk, doora am
doole.
Sóol toog na ak taalibe ya ca Damaas ay
fan.
20 Ca saa sa la tàmbalee xamle Yeesu ca
jànguy Yawut ya, naan Yeesu mooy Doomu
Yàlla.
21 Mboolem ña ko dégg, daldi waaru,
naan: «Xanaa du kii moo doon bóom ñiy
tudd woowu tur ci Yerusalem? Du moo fi
dikkoon, ngir yeewlu leen, yóbbu ci
sarxalkat yu mag yi?»
22 Teewul Sóol gëna am manoore, ba far
jaaxal Yawut ñi dëkke Damaas, di firndeel
ne Yeesu mooy Almasi bi.
23 Ba ñu ca tegee ab diir bu xawa yàgg,
Yawut yi féncoo, ngir reylu ko.
24 Sóol nag yég seen mébét. Guddi ak
bëccëg lañu doon wattu bunti dëkk ba, ngir
bóom ko.
25 Teewul taalibe yi yeb ko ag guddi ci ag
dàmba, jàlle ko ca wàllaa tata ba, yoor ko.
26 Ba Sóol agsee Yerusalem, jéem naa
jaxasook taalibe yi, waaye ñépp a ko ragal,
ndax ñàkka gëm ag taalibeem.
27 Ci kaw loolu Barnabas ànd ak moom,
yóbbu ko ca ndaw ya. Barnabas nettali
leen, ni Sóol gise Sang bi ca yoon wa, ba
mu wax ak Sóol, ak fit wa Sóol waaree ca
Damaas ci turu Yeesu.
28 Ba loolu amee Sóol ànd ak ndaw yi di
dem aka dikk ci biir Yerusalem, di waaree
aw fit ci turu Sang bi.
29 Mu boole ci di wax aka werante ak
Yawut ñiy làkk gereg, te ñoom ñu di ko
fexee rey.
30 Bokki gëmkat ña nag yég ko, daldi koy
yóbbaale Sesare, yebale ko foofa, mu dem
Tàrs.
31 Ba mu ko defee mbooloom gëmkat ñi
ci mboolem diiwaani Yude ak Galile ak
Samari daldi am jàmm. Ñuy gëna dëgër, di
wéye ragal Yàlla, tey yokku ci ndimbalal
Noo gu Sell gi.

## *Piyeer faj na nit*

32 Piyeer mi doon wër fu nekk nag, am
na bés mu jaare ca ñu sell ña dëkke Lidd.
33 Mu gis foofa waa ju ñuy wax Ene.
Fekk na diiru juróom ñetti at, cib lal rekk
lay tëdd ndax yaram wu làggi.
34 Piyeer ne ko: «Ene, Yeesu Almasi bi
wéral na la; jógal, lalal sa bopp.» Mu jóg ca
saa sa.
35 Mboolem waa diiwaani Lidd ak jóoru
Saron nag gis ko, waññiku topp Sang bi.

## *Piyeer dekkal na nit*

36 Dëkk ba ñuy wax Yafa, ab taalibe bu
jigéen a nga fa woon, ñu di ko wax Tabita
mbaa Dorkas ci làkku gereg. Def lu baax
ak sarxe la saxoo woon.
37 Ci fan yooyu, mu daanu wopp, daldi
faatu. Ñu sang ko, dugal ko ca néegu kaw
taax ma.
38 Ci biir loolu taalibe yi dégg ne Piyeer a
nga Lidd, te Lidd sorewul Yafa. Ñu yebal
ñaari nit ca moom, ngir ñaan ko mu ñëw te
baña yeex.
39 Piyeer jóg, ànd ak ñoom, ba agsi. Ñu
yéege ko ca néegu kaw taax ma. Gëmkati
jëtun* ñépp a nga doon jooyoo. Ñu yéew
Piyeer, won ko turki yaak mbubb ya
Dorkas defaroon ba muy nekk ak ñoom.
40 Ci kaw loolu Piyeer dàq ñépp ca biti.
Mu sukk, ñaan, daldi walbatiku jublook
néew bi, ne: «Tabita, jógal!» Mu ne xiféet,
gis Piyeer, jóg toog.
41 Piyeer may ko loxo, yékkati ko. Ba
loolu amee Piyeer woo ñu sell ña, ak jëtun
ña, won leen ndaw sa, muy dund.
42 Mbir ma nag siiw ca Yafa gépp, ñu
bare gëm Sang bi.
43 Gannaaw loolu Piyeer dal na Yafa ay
fan, kër wullikat bu ñuy wax Simoŋ.

# 10

## *Korney woo na Piyeer*

1 Ku ñuy wax Korney, njiitu takk-der la
woon ca Sesare. Ma nga bokkoon ca
mbooloo ma ñu dippee Gàngooru Itali.
2 Ku farlu woon la ci gëm Yàlla te ragal
ko, mook waa këram gépp; bare woon na
sarax yu muy yéwéne askan wi, te ñaan ci
Yàlla la saxoo woon.

* **9.39 *jëtun ñi*** bokk nañu ci ñi wara jot ndimbal ci jàngu bi. Seetal ci *1.Timote* 5.9-10.

3 Am peeñu nag dikkal ko digg njolloor,
mu gis ci lu leer malaakam Yàlla, mu
duggsi, ne ko: «Korney!»
4 Korney ne ko jàkk, tiit, ne ko: «Sang bi,
lu mu doon?» Mu ne ko: «Say ñaan ak say
sarax yéeg na fa Yàlla, ba mu bàyyi la xel.
5 Léegi nag yebleel ca Yafa, nga wooluji
fa ku ñuy wax Simoŋ, ñu di ko dàkkentale
Piyeer.
6 Ma nga dal ak meneen Simoŋ ma,
wullikat ba këram féete wetu géej.»
7 Naka la malaaka ma wax ak Korney ba
dem, mu woo ñaar ciy surgaam, ak benn
takk-der bu ragal Yàlla te bokk ciy suqam.
8 Mu nettali leen lépp nag, daldi leen
yebal Yafa.
9 Ca ëllëg sa, ñu dem bay jub dëkk ba,
yemook Piyeer yéeg ca kaw taax ma ci
digg bëccëg, ngir ñaan.
10 Mu dem ba xiif, bëgga lekk, ñu di ko
toggal nag lu mu lekk. Ci biir loolu mu
daanu leer.
11 Mu daldi gis asamaan ubbiku, lu mel
ni malaan mu mag mu ñu téyee ñeenti
lafam, wàcce asamaan, jëm suuf.
12 Malaan maa nga def mboolem
boroom ñeenti tànk ak ndundat yiy raam
ak mboolem njanaaw.
13 Mu am baat bu jib, ne ko: «Piyeer,
jógal, rey te lekk.»
14 Piyeer ne ko: «Mukk, Sang bi, ndaxte
masumaa lekk lenn lu daganul mbaa lu
setul.»
15 Teewul baat bi wax ak moom ñaareel
bi yoon, ne ko: «Lu Yàlla setal, bu ko
daganadil.»
16 Menn peeñu moomu dikkal na ko
ñetti yoon. La ca tegu ñu yéege malaan ma
ca asamaan.
17 Piyeer a nga jaaxle lool, di seet cim
xelam lu peeñu ma ko dikkal di tekki,
ndeke nit ña Korney yebaloon laaj nañu
kër Simoŋ, ba dikk taxaw ca bunt ba.
18 Ñu woote, laajte, ne: «Simoŋ mi ñuy
wax Piyeer, ndax fii la dëkk?»
19 Naka la Piyeer di xalaat ba tey ca
peeñu ma, Noowug Yàlla ne ko: «Ñetti nit a
ngi nii, di la seet.
20 Wàccal boog, ànd ak ñoom te bul
nàttable, ndax man maa leen yebal.»
21 Piyeer wàcc nag ne nit ñi: «Maa ngii; ki
ngeen di seet, man la. Lu doon seeni
tànk?»
22 Ñu ne ko: «Njiitu takk-der ba Korney,
ku jub, ragal Yàlla, te rafet seede bu ko
xeetu Yawut wépp seedeel, moo jote ci
malaaka mu sell, ndigalal woolu la këram,
ngir déglu say kàddu.»
23 Ci kaw loolu Piyeer dugal leen, dalal
leen.

## *Piyeer wuyuji na Korney*

Ba bët setee, Piyeer ànd ak ñoom, ñenn ca
bokki gëmkat ña dëkke Yafa gunge ko.
24 Ca ëllëg sa Piyeer agsi Sesare. Fekk na
Korney di ko séentu, daldi woo ca këram ay
bokkam ak xaritam yi ko gëna jege.
25 Ba Piyeer duggsee, Korney gatandu
ko, ne gurub ca tànki Piyeer, sujjóot.
26 Piyeer yékkati ko, ne: «Déet jógal, man
it, nit doŋŋ laa.»
27 Piyeer di waxtaan ak moom, ba
duggsi, yem ca nit ñu bare ña fa daje.
28 Mu ne leen: «Yeen de xam ngeen ne ab
Yawut, mayeesu ko mu jaxasoo ak xeetu
jàmbur, mbaa mu seeti ko. Waaye man nag
Yàllaa ma won ne du kenn nit ku ma naan
daganula jaxasool, mbaa setul.
29 Looloo tax, bi ngeen ma wooloo, ma
ñëw te tendeefaluma benn yoon. Ma di
leen laaj nag li waral ngeen woolu ma.»
30 Ci kaw loolu Korney ne:
«Bërkaati-démb ci waxtuw digg njolloor wii
nu tollu tey, ci laa doon ñaane ci sama biir
néeg. Mu am ku jekki ne jaas ci sama
kanam, sol yére yu ne ràññ.
31 Mu ne ma: “Korney, nangu nañu say
ñaan, te nemmiku nañu say sarax fa
kanam Yàlla.
32 Kon nag yebleel Yafa, nga woolu
Simoŋ mi ñu dàkkentale Piyeer; ma nga dal
ca kër meneen Simoŋ, wullikat ba ca wetu
géej ga.”
33 Ca saa sa nag laa yeble ci yaw. Yaw it
def nga lu baax, bi nga dikkee. Léegi nag
nun ñépp a ngi fi ci kanam Yàlla, ngir déglu
mboolem lu la Boroom bi sant.»
34 Ba loolu amee Piyeer àddu, ne:
«Dëgg-dëgg gis naa ne Yàlla daal du
gënaatle,

35 waaye xeetoo xeet, ku ko ci ragal tey
jëfe njub, mooy ki ko neex.
36 Moo yónnee kàddoom bànni Israayil,
àgge leen xibaaru jàmm, biy maye jàmm ci
Yeesu Almasi miy Sangu ñépp.
37 Yeen ci seen bopp xam ngeen li
xewoon ci mboolem réewum Yawut yi, te
dale ci diiwaanu Galile, gannaaw ba
Yaxya wootee, di sóobe cim ndox,
38 ak ni Yàlla ànde ak Yeesum Nasaret, ba
jagleel ko pal gu mu dogale Noo gu Sell
geek xam-xam bi mu ko sotti, muy wër, di
def lu baax, di faj mboolem ñi Seytaane
nootoon.
39 «Nun ci sunu bopp noo seede li mu def
lépp ci réewum Yawut yi ak Yerusalem.
Moom mi ñu wékk ci bant, ba rey ko,
40 moom la Yàlla dekkal ci ñetteelu
fanam, ba may ko mu feeñ.
41 Du askan wépp la ko won, xanaa nun,
seede yi Yàlla tànnoon lu jiitu, nu bokk ak
moom lekk ak naan, gannaaw
ndekkiteem.
42 Moo nu sant nag nu xamal askan wi
te seede ne moom la Yàlla tabb àttekatub aji
dund ñi ak aji dee ñi.
43 Moom la yonent yépp seedeel, ne képp
ku ko gëm, jot nga sa njéggalug bàkkaar ciw
turam.»
44 Ba Piyeer di wax kàddu googu, Noo gu
Sell gi daldi wàcc ci kaw mboolem ñay
déglu kàddu ga.
45 Ba loolu amee mboolem gëmkati
Yawut ya ànd ak Piyeer, waaru ca na
mayug Noo gu Sell gi tuuruwaalee ca xeeti
jàmbur ña,
46 ndax dañu leena dégg ñoom itam, ñuy
làkk yeneen làkk aka màggal Yàlla.
47 Piyeer dellu ne: «Ñii jot Noo gu Sell gi
ni nun, ndax manees na leena baña sóob ci
ndox?»
48 Mu santaane nag ñu sóob leen ci ndox
ci turu Yeesu Almasi bi. Gannaaw loolu ñu
ñaan Piyeer, mu toog ci ñoom ay fan.

# 11

## *Piyeer layoo naak waa Yerusalem*

1 Ci kaw loolu ndaw yaak bokki gëmkat
ña ca diiwaanu Yude, dégg ne jàmbur ñi dul
Yawut déggal nañu kàddug Yàlla, ñoom itam.
2 Ba Piyeer delloo Yerusalem nag,
gëmkat ñi bokk ci askanu Yawut di ko sikk,
3 naan: «Yaa dem ca ña xaraful, di bokk
ak ñoom lekk!»
4 Piyeer daldi leen benn-bennalal mbir
mi.
5 Mu ne: «Man de damaa nekkoon ca
Yafa, di fa ñaan. Ci biir loolu ma daanu
leer, daldi gis ci peeñu lu mel ni malaan
mu mag mu ñu téyee ñeenti lafam, wàcce
asamaan, ba agsi ci man.
6 Ma xool ko jàkk, niir ko, daldi cay gis
boroom ñeenti tànk yi ak rabi àll yi ak
ndundat yiy raam ak njanaaw yi.
7 Maa dégg itam baat bu ma ne: “Piyeer,
jógal, rey te lekk.”
8 Ma ne: “Mukk, Sang bi, ndax lenn lu
daganul mbaa lu setul masula dugg sama
gémmiñ.”
9 Baat ba nag àddoo asamaan ñaareel bi
yoon, ne ma: “Lu Yàlla setal, bu ko
daganadil.”
10 Menn peeñu moomu dikk na ba muy
ñetti yoon, ñu doora yéege lépp asamaan.
11 «Saa soosa tembe, ca la ñetti nit ña ñu
yebale Sesare ba ca man, agsi ca kër ga nu
dal.
12 Noowug Yàlla nag ne ma: “Àndal ak
ñoom, te bul nàttable.” Juróom benni bokk
yii ngeen di gis ñoo ma gunge, nu dem ba
dugg ca kër Korney.
13 Mu xamal nu ne malaakaa ko feeñu ci
néegam, ne ko: “Yebleel ca Yafa, nga woolu
Simoŋ ma ñu dàkkentale Piyeer.
14 Dina la àgge kàddu yu lay musal, yaw
ak sa waa kër gépp.”
15 «Naka laa tàmbalee wax ak ñoom
Korney, Noo gu Sell gi daanu ci seen kaw,
na mu njëkkoona daanoo ca sunu kaw.
16 Ma daldi fàttaliku kàddug Boroom bi,
ba mu noon: “Cim ndox la Yaxya daan
sóobe, waaye yeen, ci Noo gu Sell gi lees
leen di sóob*.”
17 Gannaaw nag Yàllaa leen jagleel genn
may, ga mu nu jagleeloon, ba nu gëmee
Sang Yeesu Almasi bi, ana ku ma doon,
man, bay gàllankoor Yàlla?»
18 Ba ñu déggee loolu lañu dal, daldi
màggal Yàlla. Ñu ne: «Kon xeeti jàmbur yi,

* **11.16** Seetal ci *Jëf ya* 1.5.

ndeke ñoom it Yàlla may na leen ñu tuub,
ba dund!»

*Mbooloo sosu na ca Àncos*

19 Gëmkat ña tasaaroo woon nag ndax
fitna ja woon, ca mbirum Eccen, mujj
nañu jàll ba diiwaanu Fenisi, ca dunu
Sippar ak ca Àncos, waaye àggewuñu kàddu
gi ñeneen ñu moy Yawut yi.
20 Terewul ay gëmkat ñu dëkke Sippar ak
Siren, bàyyikoo ca, dikk Àncos, wax ak
jàmbur ñi dul Yawut, ñoom itam, ba àgge
leen xibaaru jàmm bu Sang Yeesu.
21 Boroom bi nag gungee leen loxoom,
ba ñu bare gëm, waññiku ci Sang bi.
22 Ba mbir ma siiwee, ba mbooloom
gëmkati Yerusalem jot ca, dañoo yebal
Barnabas ca Àncos.
23 Ba Barnabas dikkee ba gis yiw wi leen
Yàlla may, dafa bég, di leen ñaax ngir ñu
ŋoy ak seen xol ci Sang bi.
24 Ndaxte Barnabas nit ku baax la woon,
fees ak Noo gu Sell gi ak ngëm. Mbooloo
mu takku nag dolliku ci Sang bi.
25 Ba loolu wéyee Barnabas jëm Tàrs, di
seeti Sóol.
26 Ba mu ko gisee, da koo indi Àncos. Ba
mu ko defee, atum lëmm ñuy daje ca
mbooloom gëmkat ña, di jàngal nit ñu
takku. Ca Àncos lañu njëkka woowe gëmkat
ñi aji-gëm-Almasi.
27 Ci fan yooyu la ay yonent jóge
Yerusalem, dikk Àncos.
28 Kenn ca ñoom, ku ñuy wax Agabus
daldi yégle ci ni ko leeru Noo gu Sell gi
dikkale, ne xiif bu metti dina am, ci àddina
sépp. Te looloo nga yemook ayug buur bu
mag bu ñuy wax Këlódd.
29 Taalibe ya nag fas yéenee boole kem
kàttanu ku nekk ca ñoom, ngir ndimbal lu
ñuy yónnee bokki diiwaanu Yude.
30 Noonu lañu def, yónnee ko magi Yude,
Barnabas ak Sóol jottali ko.

# 12

*Yàlla yiwi na Piyeer*

1 Ca jamono jooju la Buur Erodd jàppoon
ñenn ca mbooloom gëmkat ña, di leen
mitital.
2 Noonu la bóome ab saamar Yanqóoba,
magu Yowaan.
3 Mu gis nag na mbir ma neexe Yawut
ya, ba tax mu teg loxo Piyeer, moom itam;
loola yemook bési màggalu Mburu mu
amul lawiir.
4 Naka la ko jàpplu, daldi koy tëj kaso, teg
ko ci loxoy ñeenti kuréel yu ñeenti takk-der,
ngir ñu wattu ko; booba ma ngay xaar ba
bésub Mucc bi wees, mu door koo yóbbu ca
kanam askan wa.
5 Naka lañu tëj Piyeer ca kaso ba,
mbooloom gëmkat ñi saxoo koo ñaanal
Yàlla.
6 Ba ñu demee ba ca guddi ga jiitu bés ba
ko Erodd wara yóbbu, Piyeer a ngay nelaw
ci diggante ñaari takk-der, ñu yeewe ko
ñaari càllala, ay dag di wattu buntu kaso ba.
7 Ci kaw loolu am malaakam Boroom bi
ne jaas, taxaw, ag leer ne ràyy ca biir kaso
ba. Malaaka ma laal Piyeer ci wetam, yee
ko, ne ko: «Jógal gaaw!», càllala yi daldi
rote ciy loxoom.
8 Malaaka ma ne ko: «Takkal sa geño te
sol say dàll.» Mu def noonu. Mu ne ko:
«Solal sa mbubb te topp ci man.»
9 Piyeer génn, topp ci moom, te xamul
sax ndax li ko dikkal noonu te sababoo ci
malaaka mi, dëgg la. Yaakaaroon na ne
am peeñu la.
10 Ñu jàll dalu wattukat bu njëkk bi, teg ci
ñaareel bi, ba agsi ci buntu weñ ba jëm ca
dëkk ba, bunt ba daldi tijjikul boppam. Ñu
génn, topp menn mbedd, malaaka ma
jekki teqalikook Piyeer.
11 Naka la xelum Piyeer délsi, mu daldi
ne: «Léegi nag xam naa xéll ne, Boroom
bee yebal malaakaam, te moo ma musal ci
loxol Erodd ak mboolem li Yawut yi séentu
woon.»
12 Gannaaw ba Piyeer ràññee loolu, daa
dem kër Maryaama, ndeyu Yowaan Màrk,
fekk ñu bare daje foofa, di ñaan.
13 Piyeer fëgg buntu kër ga, mbindaan
mu ñuy wax Rodd dikk.
14 Ba Piyeer waxee, mbindaan ma
xàmmee baatam, daldi bég ba talu koo
ubbil, xanaa daw dellu ca biir, ne Piyeer a
nga foofa ca buntu kër ga.
15 Ñu ne ko: «Xanaa dangaa dof?» Teewul
mbindaan mi ne moom la. Ñu daldi ne:
«Kon malaakaam la.»

16 Ci biir loolu Piyeer a ngay fëgg ba tey.
Ñu tijji, muy moom, ñu waaru.
17 Piyeer liyaar leen, ngir ñu noppi,
daldi leen nettali, ni ko Boroom bi génnee
ca kaso ba. Mu ne leen: «Yégalleen ko
Yanqóoba ak yeneen bokki taalibe yi.» Ba
loolu amee mu génn, dem feneen.
18 Ba bët setee takk-der ya ne kër-kër, ne
këpp, ne: «Ana fu Piyeer jaar?»
19 Erodd nag santaane ñu wër Piyeer, te
taxul mu gis ko. Mu daldi àtte wattukat yi,
ba noppi joxe ndigal ngir ñu rey leen.

### *Buur Erodd dee na*

Ba mu ko defee Erodd jóge diiwaanu
Yude, dem Sesare, toog fa.
20 Fekk na Erodd dëngoo lool ak waa
dëkk yi ñuy wax Tir ak Sidon. Ci kaw loolu
waa Tir ak Sidon mànkoo, dikk ba ci
Erodd. Ñu daldi fexe ba jubook Balastus,
bëkk-néegu Buur, ba noppi di sàkku jàmm,
ndax seen dundub réew, ca dundu Buur
Erodd la daan jóge.
21 Ba bés ba ñu jàpp agsee, Erodd sol colu
buuram, toog ca jal ba, di leen àgge kàddug
kilifteefam.
22 Mbooloo maa ngay àddu ca kaw,
naan: «Lii kay baatu Yàlla la, du baatu nit!»
23 Ca saa soosa tembe la malaakam
Boroom bi dal ci moom, ndax la mu
delloowul Yàlla njukkal. Ba loolu amee, ay
sax ronq ko, mu dee.
24 Ci biir loolu kàddug Yàlla di gëna siiw,
di gëna law.
25 Barnabas ak Sóol nag, gannaaw ba ñu
sottalee seen liggéey, dañoo jóge
Yerusalem, ñibbi, ànd ak Yowaan mi ñuy
wax Màrk.

## 13

### *Yàlla yónni na Barnabas ak Sóol*

1 Ca biir mbooloom gëmkat ña woon ca
dëkk ba ñuy wax Àncos, amoon na ay
yonent ak ay jàngalekat: ñuy Barnabas, ak
Simeyon mi ñu dippee Ñuule, ak Lusiyus
mi bawoo Siren*, ak Manayen mi
yaroondoo ak Erodd boroom Galile, ak
Sóol.
2 Ñooñoo daje woon di màggal Boroom
bi, boole kook koor. Ci biir loolu Noo gu
Sell gi ne: «Beralleen ma nag Barnabas ak
Sóol ngir liggéey bi ma leen woowe.»
3 Ba loolu amee ñu woor, boole kook
ñaan, daldi leen teg seeni loxo, ba noppi
yiwi leen.

### *Dunu Sippar jot na ci kàddug Yàlla*

4 Ñooñu la Noo gu Sell gi yebal, ñu dem
dëkk ba ñuy wax Selusi, dugge fa gaal, jëm
dun ba ñuy wax Sippar.
5 Ña nga teereji dëkk ba ñuy wax
Salamin, daldi fay yégle kàddug Yàlla ca
jànguy Yawut ya, ku ñuy wax Yowaan Màrk
ànd ak ñoom, di leen jàppale.
6 Ci biir loolu ñu wër dun ba bépp, ba
yegg Pafos, péey ba. Ñu tase faak ab
ñeengokatub Yawut buy yonent-yonentlu,
ñu di ko wax Bar Yeesu.
7 Ma nga bokkoon ca toppum Sergiyus
Póolus† boroom dëkk ba, nit ku rafet xel.
Kooku namma dégg kàddug Yàlla, daldi
woolu Barnabas ak Sóol.
8 Elimas, muy firi Ñeengokat bi, di leen
gàllankoor nag, tey jéema fàbbi boroom
réew ma, ba du gëm.
9 Ci kaw loolu Sóol mi ñuy wax Póol fees
ak Noo gu Sell gi. Mu xool ñeengokat bi
jàkk,
10 ne ko: «Yaw nit ki fees ak gépp xeetu
njublaŋ ak ndëngte, doomu Seytaane ji,
noonu gépp njub, doo bàyyee lunkal yooni
njub yu Boroom bi?
11 Léegi nag loxol Boroom baa ngii fi sa
kaw: dinga gumba, ba dootuloo gis jant bi
ab diir.» Ca saa sa gis-gis bu naqari akug
lëndëm ne milib ci kawam, muy wëndeelu,
di wut ku ko wommat.
12 Ba loolu amee boroom dëkk ba gis la
xew, daldi gëm, di yéemu ci li mu jànge ci
Sang bi.

### *Waa Pisidi jot nañu ci kàddug Yàlla*

13 Póol ak ñi mu àndal nag bàyyikoo
Pafos, dugg gaal, jëm Perge ca diiwaanu
Pamfili. Yowaan moom tàggoo ak ñoom,
dellu Yerusalem.

* **13.1** ***Siren,*** ab dëkk la bu nekkoon ci tefesu bëj-gànnaaru Afrig te féete Misra sowu. † **13.7** ***Sergiyus Póolus,*** waa Room la woon bu yore kilifteefu diiwaan ba, ci njiital ab kuréelu Room.

14 Ci kaw loolu, ñoom ñu jóge Perge, jàll
ba Àncos ca diiwaanu Pisidi. Ñu dem ca
jàngub Yawut ba, dugg, toog ca bésub
Noflaay ba.
15 Gannaaw ba tarib dog ya ca téereb
yoonu Musaa ba ak téereb yonent ya
sottee, njiiti jàngu ba yóbbante leen kàddu,
ne leen: «Bokk yi, bu ngeen amee kàddu gu
ngeen ñaaxe mbooloo mi, waxleen.»
16 Póol jóg, tàllal loxoom, nee leen:

«Yeen bokki Israayil ak yeen jàmburi
ragalkati Yàlla yi, dégluleen!
17 Yàllay bànni Israayil jii moo tànnoon
sunuy maam, moo yaatal xeet wi, ba ñuy
ganeyaan ca Misra; moo leen fa génnee ci
kàttanu loxoom.
18 Lu tollook ñeent fukki at la leen muñal
ca màndiŋ ma.
19 Moo faagaagal juróom ñaari xeet ca
réewum Kanaan, daldi muurale sunuy
maam réewum Kanaaneen ña.
20 Loolu lépp a ngi am ci diiru ñeenti
téeméeri at ak juróom fukk (450).

«Gannaaw loolu moo sàkkal sunuy maam
ay njiit, ba ci jamonoy Yonent Yàlla
Samiyel.
21 Ba loolu wéyee, ñuy sàkku buur, Yàlla
jox leen doomu Kis, Sawul mi soqikoo ci
giirug Beñamin, mu falu diiru ñeent fukki
at.
22 Mu jële ko fa, sampal leen Daawuda,
muy buur bu mu seedeel ne: "Maa ràññee
Daawuda doomu Yese ji sama xol jubool,
te mooy jëfe mboolem samay coobare."

23 «Ci askanu kookii la Yàlla indee Yeesu,
na mu ko digee woon, muy Musalkat ñeel
Israayil.
24 Laata muy ñëw, Yaxya moo doon
yéene ngir waa bànni Israayil gépp sóobu
cim ndox, jëmmale ko seenug tuubeel.
25 Ba Yaxya di jeexal aw sasam la ne:
"Ana ku ngeen foog ne moom laa? Duma
ki ngeen foog, waaye am na kuy ñëw nii
sama gannaaw, ku ma yeyoowula feccil
sax ay dàllam."

26 «Bokk yi, yeen askanu Ibraayma, yeen
ak jàmburi ragalkati Yàlla yi ci seen biir,
nun lañu yónnee kàddug mucc gii.
27 Waa Yerusalem ak seeni kilifa nag
xàmmiwuñu woon Yeesu, te ba ñu daanee
Yeesu lañu sottal waxu yonent ya ñu daan
biral bésub Noflaay bu nekk.
28 Gisuñu ci moom lenn lu ko àtteb dee
dabe, te teewul ñu sàkku Pilaat reylu ko.
29 Gannaaw ba ñu matalee mboolem lu
ñu bind ci moom, lañu ko wàcce ca bant
ba, dugal ko ci bàmmeel.
30 Waaye Yàllaa ko dekkal,
31 te diiru fan yu bare la feeñu ña àndoon
ak moom, jóge diiwaanu Galile, dem
Yerusalem, te ñooñooy ay seedeem tey ci
askan wi.
32 Nun nag noo leen di àgge xibaaru
jàmm bii: li Yàlla digoon sunuy maam,
33 nun sët yi la ko defal, ba mu yékkatee
Yeesu, te noonee lañu ko binde ci ñaareelu
saaru Taalifi cant, ne:
"Yaa di sama Doom,
bés niki tey, maa la jur‡."
34 Noonu ko Yàlla dekkale ndekkite lu dee
toppatul, te yaramam du yàqu mukk,
noonee la ko Yàlla waxe woon, ne:
"Maa lay jox barkey Daawuda yu sell yi te
wóor§."
35 Moo tax mu waxaat feneen ne:
"Doo seetaan sa Ku sell ki, yaramam di
yàqu ci biir bàmmeel*."
36 Daawuda moom, gannaaw ba mu defee
coobarey Yàlla ci jamonoom, nelaw na, ba
ñu rob ko ca weti maamam ya, te yàqu na.
37 Waaye moom mi Yàlla dekkal, yàquwul.
38 «Kon nag bokk yi, xamleen ne ci Yeesu
moomu lañu leen birale njéggalug bàkkaar.
Te mboolem lu ngeen tële woona wàccool,
ba seen njub mat ci yoonu Musaa,
39 képp ku gëm Yeesu, ci moom lay
wàccook loolu lépp, ba ag njubam mat.
40 Wattuleen nag ba li ñu wax ci téerey
yonent yi bañ leena dal. Ñu ne:
41 "Yeen xeebaatekat yi, xoolleen,
jommileen te ne mes,
nde jëf a ngi jëfe ci seeni jant,
ku leen ko waxoon sax,
dungeen ko gëm†."»
42 Ba ñu génnee ca jàngu ba, dañu leena
ñaan ñu baamtu kàddu googu bésub
Noflaay ba ca topp.

‡ **13.33** Seetal ci *Taalifi cant* 2.7. § **13.34** Seetal ci *Esayi* 55.3. * **13.35** Seetal ci *Taalifi cant* 16.10. † **13.41** Seetal ci *Abakug* 1.5.

43 Ba mbooloo ma tasaaroo, bare na ay
Yawut ak tuubeen yuy jaamu Yàlla yu topp
ci Póol ak Barnabas. Ñuy wax ak nit ñi, di
leen ñaax, ngir ñu sax ci doyloo yiwu Yàlla.
44 Bésub Noflaay ba ca topp, daanaka
waa dëkk bépp a daje, ngir déglu kàddug
Boroom bi.
45 Ba Yawut yi gisee mbooloo ma nag,
kiñaan man leen, ñuy weddi waxi Póol, di
ko saaga.
46 Ba loolu amee fit la leen Póol ak
Barnabas tontoo, ne leen: «Yeen Yawut yi
de lanu wara njëkka yégal kàddug Yàlla gi,
waaye gannaaw gàntal ngeen ko, ba
jombale seen bopp ag texe ba fàww, nu
ngii di walbatiku ci jàmbur ñi.
47 Ndax noonu la nu ko Boroom bi sante
ba mu nee:
“Tabb naa la, ngay leeru jàmbur ñi,
ngir nga jottaliji wall wii, ba ca cati
àddina‡.”»
48 Ba jàmbur ña déggee loolu, dañoo bég,
di màggal kàddug Boroom bi; ci biir loolu
ña dogal ba jagleel ag texe ba fàww, ñoom
ñépp daldi gëm.
49 Kàddug Boroom bi nag di law ca
diiwaan bépp.
50 Teewul Yawut ya xiirtal tuubeen yu
jigéen yi gëna ràññiku, ak kàngam yu góor yi
ci dëkk bi. Ñu daldi bunduxataal Póol ak
Barnabas, génne leen diiwaan ba.
51 Póol ak Barnabas nag faxas seen
pëndub tànk, seedeele leen ko seen ngàntal,
doora dem dëkk ba ñuy wax Ikoñum.
52 Ci biir loolu taalibe ya dese mbég ak
Noo gu Sell gi, ba seen xol fees.

# 14

### *Póol ak Barnabas waare nañu ca dëkku Ikoñum*

1 Ba Póol ak Barnabas nekkee Ikoñum,
noonu lañu dugge itam ca jàngub Yawut
ya. Ñuy waare, ba ay Yawut aki Gereg yu
bare gëm.
2 Yawut yi gëmul nag di xiirtal jàmbur ñi
dul Yawut, di yàq seen xel ci bokki taalibe
yi.
3 Teewul Póol ak Barnabas toog Ikoñum
diir bu yàgg lool. Fit lañu doon waaree
ngir Boroom bi, Boroom bi maye ay firnde
aki kéemaan yu jaare ci ñoom, ngir seedee
ko kàddug yiwam gi ñuy biral.
4 Ba loolu amee waa dëkk bi xàjjalikoo, ñii
far ak Yawut yi, ñale far ak ndaw ya.
5 Jàmbur ñeek Yawut yi nag ànd ak seeni
kilifa, di leen waaja mitital aka dóori doj.
6 Ñu yég ko, daw làquji diiwaanu
Likawni, ca dëkk ya ñuy wax Listar ak
Derbe ak la ko wër.
7 Foofa itam ñu di fa xamle xibaaru
jàmm bi.

### *Póol ak Barnabas waare nañu ca Listar*

8 Jenn waay a nga daan toog ca Listar,
tànk ya baaxul woon; laago la judduwaale,
te masula dox.
9 Kookoo dégg Póol muy waare, Póol xool
ko jàkk, gis ne am na ngëm gu ag muccam
mana jaare.
10 Mu àddu ca kaw, ne waa ji: «Jógal
taxaw jonn!» Waa ji ne bërét, jóg, daldi
dox.
11 Ba mbooloo ma gisee la Póol def, ca
kaw lañu àddu ci làkku likawni, ne: «Yàlla
yee soppaliku melow nit, wàccsi ci sunu
biir!»
12 Ci kaw loolu ñu tudde Barnabas Sës,
kilifay yàllay Gereg yi, Póol nag gannaaw
moo farewoo woon kàddug waare ga, ñu
tudde ko Ermes, ndawal yàllay Gereg yi.
13 Jaamookaayu Sës ma nga woon ca
buntu dëkk ba. Sarxalkat ba daldi indi ca
bunti dëkk ba ay yëkk yu ñu takkal caqi
tóor-tóor. Sarxalkat ba ànd ak mbooloo
ma, nara rendi jur ga, sarxal ko Póol ak
Barnabas.
14 Ci kaw loolu Póol ak Barnabas yég la
xew. Ñu xotti seeni yére ndax ñaawlu ko.
Ñu buur nag ba ca biir mbooloo ma, daldi
àddu ca kaw ne:
15 «Yeen, lu leen xiir ci lii? Nun itam ay
nit lanu, bokk ak yeen benn bind. Xibaaru
jàmm bi lanu leen di xamal, ngir ngeen
wacc yëfi neen yii te walbatiku ci Yàlla, kiy
dund te sàkk asamaan ak suuf ak géej ak
lépp li ci biir.
16 Moo mayoon démb xeet yépp, ñu aw ci
seen yooni bopp.
17 Moona noppiwula seedeel boppam ci
mbaaxam gi muy jëfe, di leen wàcceel fa

‡ **13.47** Seetal ci *Esayi* 49.6.

asamaan taw ak naataange, reggal leen,
bégal leen ba seen xol sedd.»
18 Loolu lépp ndaw ya wax nañu ko te
tuuti kon ñu tëlee tere mbooloo ma ñu
rendil leen sarax.
19 Ci kaw loolu ay Yawut yu jóge Àncos
gu Pisidi ak Ikoñum, fexe ba fàbbi mbooloo
ma, daldi dóor Póol ay doj, diri ko ba génne
ko dëkk ba, yaakaar ne dee na.
20 Naka la ko taalibe ya yéew, mu jóg,
daldi dellu ca biir dëkk ba. Ca ëllëg sa, mu
ànd ak Barnabas, dem Derbe.

### *Délsi nañu Àncos gu Siri*

21 Gannaaw ba ñu xamlee fa Derbe
xibaaru jàmm bi, ba am fa taalibe yu bare,
dañoo dellu Listar ak Ikoñum ak Àncos gu
Pisidi.
22 Ñuy feddali pastéefu taalibe yi, di leen
ñaax ngir ñu saxoo ngëm, ne leen: «Coono
yu baree ngii, fàww nu jaare ci, ngir tàbbi
ci nguurug Yàlla.»
23 Mbooloom gëmkat mu nekk nag, ñu
tabb ci ay mag; ci biir loolu ñu ñaan, boole
kook koor, daldi dénk mag ña Sang bi ñu
gëm.
24 Gannaaw loolu ñu jaare biir diiwaanu
Pisidi, ba àgg Pamfili.
25 Ñu daldi siiwtaane kàddu gi ca Perge,
doora wàcci ba Atali.
26 Foofa lañu dugge gaal, dellu Àncos gu
Siri ga ñu leen dénke woon Yàlla ciw
yiwam, ngir liggéey ba ñu sottal, ba délsi
noonu.
27 Ba ñu agsee, dañoo woo mbooloom
gëmkat ña, àgge leen mboolem na Yàlla def
ak ñoom, ak na mu ubbilee jàmbur ñi dul
Yawut buntu ngëm.
28 Ñu toog nag ak taalibe ya diir bu xawa
yàgg.

# 15

### *Péncoo am na ca Yerusalem*

1 Ñenn nit ñu bàyyikoo Yude dikk Àncos,
ñoo doon digal bokki taalibe yi, ne leen:
«Su ngeen xaraful*, ni ko aaday Musaa
santaanee, dungeen mana mucc.»
2 Mbir ma nag mujje féewaloo ak
werante wu xawa metti, te Póol ak
Barnabas séq ko ak ñooñu. Ba loolu amee
ñu ne, na Póol ak Barnabas ak ñenn ca
gëmkati Àncos ànd dem Yerusalem ca
ndawi Yeesu ak mag ña, ba lijjanti mbir
moomu.
3 Ci kaw loolu mbooloom gëmkat ñi
yebal leen, ñu jaare Fenisi ak Samari,
daldi àgge waa foofa ni jàmbur ñi dul
Yawut tuube, ba bokki gëmkat ñépp bég ca
lool.
4 Gannaaw loolu, ñu agsi Yerusalem,
mbooloom gëmkat ñi ak ndawi Yeesu yi ak
mag ñi dalal leen, ñu nettali leen mboolem
ni Yàlla def ak ñoom.
5 Ba mu ko defee ñenn ci gëmkat ñi bokk
ci ngérum Farisen yi, daldi taxaw temm,
ne gëmkat ñi dul Yawut, fàww ñu xarafal
leen, sàmmloo leen yoonu Musaa.
6 Ba loolu amee ndawi Yeesu yi ak mag
ñi bokk daje, ngir seet mbir moomu.
7 Werante wu réy am ca. Ci kaw loolu
Piyeer jóg ne leen: «Bokk yi, yeen xam
ngeen ne bu yàgg la ma Yàlla seppee ci
seen biir, ngir jàmbur ñi dégge ci sama
làmmiñ kàddug xibaaru jàmm bi, ba doon
ay gëmkat.
8 Yàlla mi xam xolu nit nag moo seedeel
jàmbur ñi, ba mu leen mayee Noo gu Sell
gi, ni mu nu ko maye nun itam.
9 Yàlla amul xejj ak seen sunu dig ak
ñoom, ndax seen ngëm la raxase seen xol.
10 Léegi nag lu tax ngeen di diiŋat Yàlla,
di teg taalibe yi yen bu nu masula àttan,
cay maam ba ci nun?
11 Yiwu Sang bi Yeesu daal lanu gëm ne
ci lanuy mucce, te ñoom itam, noonu
rekk.»
12 Ba loolu wéyee mbooloo mépp ne
xerem. Ñu déglu nag Barnabas ak Póol, ñu
xamle mboolem firnde yeek kéemaan yi
Yàlla defe seen ñaari jëmm ci biir jàmbur ñi.
13 Ba ñu noppee, Yanqóoba àddu ne:
«Bokk yi, dégluleen ma.
14 Simoŋ† xamle na, ni Yàlla yége jàmbur
ñi ca njàlbéen, ba sàkke ci seen biir xeet wu
mu tudde turam.
15 Te loolu dëppoo na ak kàdduy yonent
yi, ndax bindees na ne:
16 “Boroom bi nee:
Gannaaw loolu dinaa délsi;

* **15.1** Seetal ci 7.8. † **15.14** ***Simoŋ*** mooy Piyeer ba tey.

maay yékkati mbaarum Daawuda mi
daanu,
maay yékkati gent yi, joyanti ko,
17 ngir ndesu nit ñi wuta xam Boroom bi,
te ñooñoo di jàmbur ñi ñu tudde sama tur‡.
18 Boroom bee xamle loolu bu yàgga
yàgg§.”
19 «Kon nag sama xalaat mooy: bunu
gétën jàmbur ñi tuub, ba waññiku ci Yàlla.
20 Xanaa nu bind leen, ne leen ñu moytu
lu ay xërëm sobeel, moytu séy yi yoon tere,
moytoo lekk yàppu mala mu ñu tuurul
deretam, ak lekk deret ci boppam.
21 Ndaxte ca njàlbéen ga ba tey ay nit a
ngi waaree yoonu Musaa ci dëkk bu nekk,
ñu di ko jàng ci jàngu yi bésub Noflaay bu
nekk.»

### *Ndaje ma bind na ñi dul Yawut*

22 Ba loolu amee ndaw yi ak mag ñi
mànkoo ak mbooloom gëmkat ñépp, ngir
tànne ci seen biir ay nit, yebal leen Àncos,
boole leen ak Póol ak Barnabas. Ñooñoo di
Yuda mi ñu dippee Barsabas, ak Silas, ñu
diy mag ca bokk ya.
23 Ñu yóbbante leen bataaxal, bind ci ne:
«Nun ndawi Yeesu ak mag ñi, seen
bokki Yerusalem, noo leen bind, yeen
sunu bokki gëmkat ñi dul Yawut te dëkke
Àncos ak Siri ak Silisi. Nu ngi jiital sunub
nuyoo.
24 Dégg nanu ne ay nit ñu bawoo ci
nun, ñoo leen lëjal ak seeni wax, di jaxase
seen xel, te nun joxunu leen lenn ndigal.
25 Moo tax nu mànkoo ci tànn ay nit ñu
nu yebal ci yeen, boole leen ak sunuy
soppe Barnabas ak Póol,
26 ñoom ñi jaay seen bakkan ngir sunu
Sang Yeesu Almasi.
27 Kon nag noo yebal Yuda ak Silas,
ngir ñu àgge leen ci seen gémmiñu bopp, lii
nu leen bind.
28 Ndaxte Noo gu Sell gi moo mànkoo
ak nun ci bañ leena teg benn coono, xanaa
lii manula ñàkk:
29 Ngeen moytu yàpp wu ñu sarxal ay
tuur, ak deret, ak yàppu jur gu ñu tuurul
deretam, ak séy yi yoon tere. Yooyii, bu
ngeen ko moytoo bu baax, def ngeen lu
baax. Jàmm ak jàmm.»
30 Ba loolu amee ñu tàggatoo, daldi dem
ba Àncos. Ci kaw loolu ñu woo mbooloo
mi, jébbal leen bataaxal bi.
31 Ba ñu jàngee bataaxal bi, kàddu ga
dëfal leen, seen xol sedd.
32 Yuda ak Silas it gannaaw ay yonent
lañu woon, wax nañu ak bokk yi lu yàgg,
ngir ñaax leen, feddali seen ngëm.
33-34 Ba loolu amee ñu toog fa ab diir,
bokk yi door leena ñaanal yoonu jàmm,
yiwi leen, ngir ñu dellu ca ña leen
yebaloon.
35 Póol ak Barnabas nag des Àncos. Ñu
ànd ak ñeneen ñu bare, di jàngale aka xamle
kàddug Boroom bi.

### *Póol ak Silas ànd nañu*

36 Ba ñu ca tegee ay fan Póol ne
Barnabas: «Nan dellu seeti bokk yi ci
mboolem dëkk yi nu yégle woon kàddug
Boroom bi, ba gis nu ñu def.»
37 Barnabas nag bëggoon ñu yóbbaale
Yowaan mi ñuy wax Màrk.
38 Teewul Póol jàpp ne gannaaw Yowaan
Màrk moomu moo leen waccoon ca
Pamfili te àndul woon ak ñoom ci liggéey bi,
yóbbaale ko warul.
39 Mbir mi nag mujje dëngoo bu metti,
ba ñu teqalikoo. Barnabas ànd ak Yowaan
Màrk, dugg gaal, jëm Sippar.
40 Póol moom taamu Silas, daldi ànd ak
moom dem, gannaaw ba leen bokk ya
dénkee Boroom bi ciw yiwam.
41 Ci kaw loolu mu jaare diiwaani Siri ak
Silisi, di ñaax mboolooy gëmkat ña.

## 16

### *Timote fekksi na Póol ak Silas*

1 Ci kaw loolu Póol agsi Derbe, teg ci
dëkk ba ñuy wax Listar. Ndeke ab taalibee
nga fa bu ñuy wax Timote; ndeyam di
gëmkatub Almasi bu bokk ci askanu Yawut,
baayam di Gereg.
2 Muy ku rafet seede ci biir bokki dëkk
yooyu di Listar ak Ikoñum.

‡ **15.17** Seetal ci *Amos* 9.11-12. § **15.18** Seetal ci *Esayi* 45.21. * **16.3** Póol dafa jàpp ne gëmkatub Almasi man naa xaraf ba tey, te du yàq ci ngëmam dara. Moo tax Póol xarafal Timote, ndax xamoon na ne xaraf doŋŋ moo manoona tax Timote mucc ci sikkaangey Yawut yi gëm Almasi bi.

3 Póol nag bëgg mu ànd ak moom, ba tax
mu yóbbu ko, xarafal* ko ndax Yawut ya
dëkke woon gox ba, ngir ñépp a xamoon ne
baayam ab Gereg la.
4 Ba loolu amee ñuy wër dëkk ya, di
jottali dogal yi tukkee ca ndawi Yeesu
yaak magi Yerusalem, ngir ñu sàmm ko.
5 Mboolooy gëmkat ñi di gëna feddaliku
ci wàllu ngëm, seeni lim di yokku bés ak
bés.

## *Yàlla feeñu na Póol*

6 Noo gu Sell gi nag tere leena yégleji
kàddu gi ca diiwaanu Asi, ba tax ñu jàlli
biir diiwaanu Firisi ak Galasi.
7 Ñu dem ba ca kemu Misi, nara jàlli biir
diiwaanu Bitini, Noo gu Sell gu Yeesu
mayu leen ko.
8 Loolu tax ñu jàlle biir Misi, àkki dëkk ba
ñuy wax Torowas.
9 Ci biir loolu am peeñu dikkal Póol ca
guddi: mu gis aw nitu Maseduwan taxaw,
di ko tinu, ne ko: «Jàllsil Maseduwan,
wallusi nu!»
10 Naka la jot peeñu ma, mu daldi nu†
bir ne Yàllaa nu yebal ngir nu xamleji
foofa xibaaru jàmm bi. Ca saa sa nu fexee
jàll ba Maseduwan.

## *Lidi gëm na Almasi bi ca Filib*

11 Ci kaw loolu nu dugge Torowas gaal,
jubal dunu Samotaras, jógeeti fa, teereji
Neyapolis ca ëllëg sa.
12 Nu bawoo fa jàll ba Filib, dëkku gox ba
njëkk ca diiwaanu Maseduwan te di
moomeelu Room. Nu toog fa ay fan.
13 Ba bésub Noflaay ba taxawee, nu génn
ca buntu dëkk ba, ca wetu dex ga, daldi fay
gis béreb bu nu foog ne ab ñaanukaay la. Nu
toog fa nag, di waxtaan ak jigéen ña fa
daje.
14 Amoon na fa as ndaw su tudd Lidi su
doon déglu. Ma nga cosaanoo Catir, te
nekkoon na jaaykatub cuubi tànnéef yu
xonq curr, te nekkoon itam jaamukatu
Yàlla. Boroom bi nag ubbi xolam, ba mu
teewlu bu baax kàdduy Póol.
15 Ci kaw loolu ñu sóob ko ci ndox,
moom ak waa këram. Mu daldi nu ñaan, ne
nu: «Ndegam ab gëmkatub Sang bi ngeen
ma jàppe, agsileen, dal ak man ca sama
kër.» Mu soññ nu ba nu nangu.

## *Tëj nañu kaso Póol ak Silas*

16 Noo doon dem bérebu ñaanukaay ba, ab
surga bu jigéen bu rabu gisaane jàpp,
dajeek nun. Alal ju bare la ay njaatigeem
daa jële ci ngisaaneem.
17 Ndaw sa topp ci Póol ak nun, di xaacu,
naan: «Nit ñii jaami Yàlla Aji Kawe ji lañu;
dañu leen di yégal yoonu mucc.»
18 Noonu la jàppoo ay fani fan, ba Póol
mujj xajootu ko. Mu walbatiku ne rab wa:
«Maa la sant ci turu Yeesu Almasi bi, génnal
ci ndaw si.» Rab wa daldi génn ca saa sa.
19 Ba loolu amee alal ja njaatigey ndaw
sa yaakaaroon, réer leen, ñu jàpp Póol ak
Silas, diri, yóbbu ca pénc ma, fa kanam
njiit ya.
20 Ñu taxawal leen fa àttekat ya, ne: «Ñii
ñoo yëngal sunu dëkk bi, di ay Yawut
21 yuy xamle aada yoy, nun ñiy waa
Room, sañunu koo nangu, sañunu koo jëfe.»
22 Ci kaw loolu mbooloo ma it dal ci seen
kaw; àttekat ya futti seeni yére, daldi
santaane ñu dóor leen ay yar.
23 Ñu dóor leen ay yar yu bare, sànni leen
ca kaso ba, boole ca jox boroom kaso ba
ndigalal wattu leen bu baax.
24 Ndigal loolu nag tax mu sànni leen ca
néeg ba gëna ruqe ca kaso ba, jéng leen.
25 Ba guddi gay xaaj, Póol ak Silas a ngay
ñaan, di sàbbaal Yàlla, ñeneen ña ñu fa tëj di
leen déglu.
26 Ci kaw loolu suuf jekki yëngu yëngu bu
mag ba fondmaa kaso ba di rëŋ-rëŋi; bunt
yépp jekki ubbiku, jéngi ñépp dàjjiku.
27 Boroom kaso ba tiite ciy nelaw, gis
bunti kaso bi ubbiku. Mu bocci
saamaram, nara xaru, yaakaar ne ña ñu
tëj dañoo rëcc.
28 Póol nag àddu ca kaw ne: «Bul lor sa
bopp, nun ñépp a ngi fi.»
29 Ba loolu amee boroom kaso ba indilu
ab làmp, daldi ne saraax dugg, ne gurub fa
kanam Póol ak Silas, di lox.
30 Gannaaw gi, mu génne leen ca biti ne
leen: «Sang yi, ana lu ma wara def, ba
mucc?»

† **16.10** Li waral *nu* mooy Luug mi bind *Jëf ya* mooy wax.

31 Ñu ne ko: «Gëmal Sang Yeesu, daldi
mucc, yaak sa waa kër.»
32 Ba loolu amee ñu xamal ko kàddug
Sang bi, moom ak waa këram gépp.
33 Mu yóbbu leen nag ci waxtuw guddi
woowu, raxas seeni gaañu-gaañu, ñu sóob
ko ci ndox ca saa sa, moom ak waa këram
gépp.
34 Gannaaw loolu mu yóbbu leen këram,
jox leen ñu lekk, tey bégeendoo ak waa
këram gépp ci ngëm gi ñu gëm Yàlla.
35 Ba bët setee, àttekat ya yebal alkaati
ya, ñu ne boroom kaso ba: «Ñii, yiwi leen.»
36 Boroom kaso ba àgge Póol ndigal la, ne
ko: «Àttekat yi kat ñoo fi yeble, ne ñu yiwi
leen. Kon nag man ngeena génn te dem ak
jàmm.»
37 Póol nag ne alkaati ya: «Ñoom ñu dóor
nu ci kanam nit ñi, àtteesu nu sax te nu diy
gor ci Room gii, rax ci dolli ñu sànni nu ci
kaso bi. Léegi ñu bëgg noo dàq ndànk ci
biti? Mukk! Nañu ñëw, ñoom ci seen bopp,
génne nu.»
38 Ba mu ko defee, alkaati ya àgge àttekat
ya kàddu googu, ñu xam ne ay gori waa
Room lañu, tiitaange jàpp leen.
39 Ñu dikk, jéggalu, génne leen ci biti, ñaan
leen, ñu génn dëkk ba.
40 Noonu lañu génne kaso ba, dellu kër
Lidi. Ñu gise faak bokki gëmkat ña, ñaax
leen, doora dem.

# 17

## *Xibaaru Yeesu yëngal na Tesalonig*

1 Ba mu ko defee ñu jaare ca dëkk ya ñuy
wax Amfipolis ak Apoloni, doora àgg
Tesalonig ga Yawut ya amoon ab jàngu.
2 Póol nag di leen fa fekk, na mu ko
baaxoo. Diiru ñetti bési Noflaay, mu di
leen waxal ci Mbind mi.
3 Mu di leen tekkil Mbind mi, di leen ci
firndeel ne coonob Almasi bi ak
ndekkiteem manul woona ñàkk. Mu ne
leen: «Yeesu mii ma di leen xamal, mooy
Almasi bi.»
4 Ba loolu amee ñenn ca Yawut ya gëm,
fekksi Póol ak Silas, ñoom ak Gereg yu bare
yu ragal Yàlla, ak jigéen ñu ràññiku ñu bare.
5 Yawut ya nag am ca kañaan, daldi
foraatoo ca mbedd ma ay taxawaalukat,
dajale ay gàngoor, ba yëngal dëkk ba. Ñu
song kër Yason, di seet Póol ak Silas, ngir
yóbbu leen ca waa dëkk ba.
6 Ci kaw loolu gisuñu leen, ñu diri Yason
ak yeneen bokki gëmkat ba ca kanam
àttekat ya. Ña ngay biral, naan: «Nit ñi tas
àddinaa ngii, agsi nañu fi,
7 te Yason a leen dalal. Ñoom ñépp a xëtt
ndigali buur Sesaar, te naan am na
beneen buur bu ñuy wax Yeesu.»
8 Ba mbooloo ma ak àttekati dëkk ba
déggee loolu, dañoo jaaxle.
9 Ba loolu amee ñu feyloo Yason ak ña ca
des daan ba ca war, door leena yiwi.

## *Póol ak Silas dem nañu Bere*

10 Ba mu ko defee bokki gëmkat ña yebal
ca saa sa Póol ak Silas ca guddi ga, ñu jëm
Bere. Ñu agsi, dem ca jàngub Yawut ya.
11 Waa Bere nag gëna am déggin waa
Tesalonig. Ñu gëm kàddu gi, xér ci lool, bés
bu nekk ñuy niir Mbind mi, ngir xam ndax
la ñu leen di wax noonu la.
12 Ci kaw loolu Yawut yu bare gëm, ñoom
ak jigéeni Gereg ñu ràññiku, ak ay góori
Gereg ñu bare.
13 Ba loolu amee Yawuti Tesalonig dégg
ne Póol a ngay xamle kàddug Yàlla ca Bere
itam. Ñu dikkati, yëngal nit ña, ñu def ay
gàngoor.
14 Ca la bokki gëmkat ñi yebal Póol ca saa
sa, mu jëm ca tefes ga, Silas ak Timote
ñoom, des ca Bere.
15 Ña dar Póol nag gunge ko ba ca dëkk
ba ñuy wax Aten, ñu doora dëpp, jottaliji
Silas ak Timote kàddug Póol, ngir ñu fekksi
ko nu mu gëna gaawe.

## *Póol waare na ca Aten*

16 Diggante ba Póol di nég Silas ak
Timote ca Aten, xolam jeex na ndax dafa
gis na dëkk ba yeboo ci jaamu ay tuur.
17 Ci biir loolu muy wax ak Yawut yaak
jàmburi ragalkati Yàlla ya ca jàngu ba, di
wax it ak waa pénc ma bés bu nekk.
18 Ci kaw loolu ay boroom xam-xam yu
bokk ci ngérum Epikur* ak ngérum

* **17.18** ***ngérum Epikur*** mooy kuréelu njàngalem Epikur, mi dee 270 at lu jiitu Almasi bi. Ngérum Epikur dañoo jiital seen bakkan, te fonk bànneex.

Estowisen†, di werante ak moom. Ñenn ña
ne: «Kebetukat bii, lu muy wax nii?» Ña ca
des dégg Póol di waare xibaaru jàmm bi ci
Yeesu ak ndekkiteem, ñu ne: «Daa mel ni
ay tuur-tuuraani doxandéem lay waareel.»
19 Ñu jàpp ko nag, yóbbu ko ca ëttub
àttekaay ba ñuy wax Areyopas. Ñu ne ko:
«Ndax man nanoo xam njàngale mu bees
mii ngay siiwal, lu mu doon?
20 Ndax li ngay wax kat sunu
ngan-gi-nopp la. Nu bëgga xam nag loolu
lu muy tekki.»
21 Booba waa Aten ñépp, doxandéem ak
njuddu-ji-réew, xintewuñu lenn lu moy di
nettali aka déglu xew-xew wu bees.
22 Ci kaw loolu Póol taxaw ca digg ëttub
Areyopas, ne leen: «Yeen waa Aten, gis naa
ne ci wet gu nekk ñu farlu ngeen ci diine.
23 Ndax maa doon doxantu, di seet seeni
jaamookaay, ba yem ci sarxalukaay bu ñu
bind mii mbind: "Ñeel yàlla ji nu xamul."
Loolu ngeen di màggal te xamuleen ko
nag, moom laa leen di xamal.
24 «Yàlla mi sàkk àddina ak mboolem li ci
biiram, di Boroom asamaan ak suuf,
dëkkewul màkkaan mu ay loxo sàkk.
25 Te it jariñoowul loxol nit, mbete ku
soxla lenn, ndax mooy may ñépp bakkan
akug noo, ak lu mu mana doon.
26 Moo sàkke xeeti àddina yépp ci kenn
nit, ñu dëkke déndub suuf sépp, te moo leen
àppal seeni jamono, rëddal leen seen kemi
dëkkuwaay.
27 Yàllaa def loolu, ngir xeeti àddina wut
ko, làmbatu ba daj ko, ndegam man naa
am, doonte sorewul kenn ku nekk ci nun.
28 "Ndax sunu bakkan ak sunu yëngu ak
sunug nekk, lépp ci moom la." Mooy ba tey
la ñenn ci seeni woykat ne: "Nun itam aw
xeetam lanu."
29 Ndegam nag xeetu Yàlla lanu,
warunoo nirule Yàlla ak lenn luy wurus
mbaa xaalis mbaa aw doj te sosoo ci
xareñtey nit akum xelam.
30 Yàlla nag jéllale na jamonoy ñàkka xam
googa woon, waaye tey mu ngi woo ñépp
ak fépp fu ñu féete, ngir ñu tuub.
31 Ndaxte Yàlla jàpp na bés bu muy àttee
àddina ci dëgg, àtte bu nit ki mu tabb di
sottali; te loolu Yàlla jox na ci ñépp firnde
lu wóor, ba mu dekkalee kooku mu tabb,
ndekkite lu dee toppul.»
32 Naka lañu dégg waxi dee-dekki, ñenn
ña di ko foontoo, ña ca des ne ko: «Dinanu la
déglu, nga waxalaat nu ci moomu mbir.»
33 Ba loolu amee Póol bàyyikoo ca seen
biir.
34 Teewul mu am ñu ko fekksi, ba mujj
gëm; Deni mi bokk ci ëttub Areyopas ci la,
ak jigéen ju ñuy wax Damaris, ak ñeneen.

# 18

### *Póol tiiñ na waa Korent*

1 Ba loolu wéyee Póol bàyyikoo Aten, dem
Korent.
2 Mu daje fa ak Yawut bu ñuy wax Akilas,
fekk baax diiwaanu Pont. Muy sooga jóge
réewum Itali, ànd ak soxnaam Piriska*,
ndax Buur bu mag ba Këlódd moo joxe
woon ndigal ne na Yawut yépp génn Room.
3 Póol nag miinante ak ñoom, te fekk ñu
bokk benn liggéey, di defarkati xayma ni
moom. Loolu tax mu far dal ak ñoom, di
liggéey.
4 Ci kaw loolu bésub Noflaay bu nekk
Póol daan waare ca jàngub Yawut ba, di
yee Yawut yi ak Gereg yi.
5 Ba Silas ak Timote dikkee, bàyyikoo
diiwaanu Maseduwan, Póol xintewootul
lu moy di xamle kàddu gi, di seedeel Yawut
yi ne Yeesu mooy Almasi bi.
6 Yawut ya nag gàntal, di ko ŋàññ, mu
yëlëb ay yéreem, misaale ko ne jaanam
wàcc na. Mu ne leen: «Yeenay gàddu seen
bakkanu bopp. Man set naa ci wecc.
Gannaaw-si-tey, ci jàmbur ñi dul Yawut laa
jëm.»
7 Mu jóge foofa, dem ci kër benn jàmbur
bu dul Yawut te muy jaamukatu Yàlla bu
ñuy wax Tisyus Yustus, te këram sësook
jàngu ba.
8 Teewul Kirispus njiitu jàngu ba moom
gëm Sang bi, mook waa këram gépp. Ñu

† **17.18** ***ngérum Estowisen,*** kuréel la woon gu njàngalem Senon lal. Dee na 265 at lu jiitu Almasi bi. Ngérum Estowisen ñoo weesale seen bopp yég-yégu yaram mbaa xol yu mel ni bànneex mbaa naqar, te di ñaaxe ci muñ gu ànd ak pastéefu boroom. * **18.2** ***Piriska*** mooy Pirsil ba tey.

bare ci waa Korent a gëm, gannaaw ba ñu
déggee kàddu gi, ba ñu sóob leen ci ndox.
9 Ba loolu amee Sang bi wax ak Póol ag
guddi ci biir peeñu, ne ko: «Bul tiit dara,
waaye waxal te bul noppi,
10 ndax maa ànd ak yaw. Kenn du la
song, def la lu bon, ndax ñu bare ci dëkk
bii samay ñoñ lañu.»
11 At ak juróom benni weer la Póol toog
ci seen biir, di jàngale kàddug Yàlla.
12 Jant ya Galyon moomee diiwaanu
Akayi, Yawut ya dañoo mànkoo, jógal Póol,
jàpp ko, yóbbu ca àttekaay ba.
13 Ñu ne: «Kii dafa juuyoo ak yoon ci ni
muy xiire nit ñi ci jaamu Yàlla.»
14 Póol dem bay àddu, far Galyon ne
Yawut ya: «Yeen Yawut yi, su doon ag
njubadi mbaa jëf ju aay lool ju ngeen di
tawat, kon xel dina nangu ma déglu leen.
15 Waaye su dee ag dëngoo ci wàllu wax,
mbaa ay turi nit, mbaa seen yoonu bopp
nag, seetalleen ko seen bopp. Àtte boobu
moom, duma ko nangu.»
16 Galyon daldi leen dàqe ca àttekaay ba.
17 Ci kaw loolu ñépp jàpp Sosten, njiitu
jàngu ba, dóor ko ca àttekaay ba, te taxul
Galyon yégal ko yaramam.

### *Póol délsi na Àncos gu Siri*

18 Ba loolu wéyee Póol toogaat na fa fan
yu bare, doora tàggatoo ak bokk ya, dugg
gaal jëm Siri, ànd ak Piriska ak Akilas.
Fekk na mu watu nel ca teerub Señsere,
firndeele ko aw xas wu mu xasoon.
19 Ba ñu teeree Efes, fa la Póol bàyyi
Piriska ak Akilas. Mu dem ca jàngu ba, ba
diisoo fa ak Yawut ya.
20 Ñooñu ñaan ko, mu toogaat fa ab diir,
mu gàntal.
21 Naka la tàggatoo ak ñoom, ne leen:
«Dinaa leen seetsiwaat, bu soobee Yàlla.»
Ba loolu amee mu dugg gaal, bàyyikoo Efes,
22 teereji Sesare. Mu dem nag
Yerusalem, nuyuji mbooloom gëmkat ña,
doora dem Àncos gu Siri.

### *Póol tukki na ñetteel bi yoonam*

23 Póol toog na Àncos ay fan, jóge fa wër
diiwaanu Galasi, teg ca Firisi, di ñaax
mboolem taalibey foofa.
24 Ab Yawut nag bu ñuy wax Apolos te
cosaanoo Alegsàndiri, moo dikkoon Efes.
Ku rafet kàddu, te xam Mbind yi lool.
25 Kooku jotoon naa jàng yoonu Sang bi.
Mu ànd ak cawarte, di waare aka jàngale lu
wér péŋŋ ci mbirum Yeesu, doonte
xam-xamam a ngi yemoon ci sóobeb Yaxya
ci ndox.
26 Mu tàmbalee wax ak kóolute ca jàngub
Yawut ba. Piriska ak Akilas dégg ko, woo
ko cig wet. Ñu daldi koy gëna leeralal
yoonu Yàlla wi.
27 Ba mu ko defee Apolos namma jàll ba
Akayi, bokk ya rafetlu mébétam. Ñu bind
taalibey Akayi, ngir ñu dalal ko. Ba Apolos
agsee Akayi, dimbali na lool ña fa yiw may
ñu doon ay gëmkat.
28 Ndax fa kanam mbooloo ma la doon
tiiñale Yawut ya ay firnde yu mat sëkk, firil
leen Mbind mi, ba leeralal leen nàññ ne
Yeesu mooy Almasi bi.

## 19

### *Póol jàngale na ca Efes*

1 Diir ba Apolos nekkee Korent, Póol a
nga jaare ca diiwaan yu tunde ya, ba
wàccsi Efes. Mu daje faak ay taalibe,
2 ne leen: «Ndax ba ngeen gëmee, jot
ngeen ci Noo gu Sell gi?» Ñu ne ko: «Nun de
yégunu woon sax ne Noo gu Sell gi am na.»
3 Mu ne leen: «Kon gan sóobu ngeen
sóobu?» Ñu ne ko: «Xanaa sóobeb Yaxya*.»
4 Póol ne leen: «Yaxya, sóobeb tuubeel la
daan sóobe ci ndox, di waxaale askan wi
ne leen ñu gëm kiy topp ci moom, te mooy
Yeesu.»
5 Ba ñu déggee loolu lañu sóobu ci ndox ci
turu Sang Yeesu.
6 Ba leen Póol tegee loxoom, Noo gu Sell
gi dikkal leen, ñu tàmbalee làkk yeneen
làkk, boole ci di biral kàdduy waxyu.
7 Taalibe yooyu yépp a ngi wara tollu ci
fukk ak ñaar.
8 Ci kaw loolu Póol dem ca jàngub Yawut
ba. Diiru ñetti weer muy waare ak fit, di
waxal waa jàngu ba kàddu yu mata gëm ci
mbirum nguurug Yàlla.
9 Ñenn ña nag të ticc, baña gëm, di ŋàññ
Ngér mi ca kanam mbooloo ma. Ba loolu

* **19.3** Seetal ci *Màrk* 1.4.

amee Póol bàyyi leen, daldi berook taalibe
ya, bés bu nekk muy diisoo ak ñoom ca
kërug jàngukaay gu Tiranus.
10 Loolu moo wéy diiru ñaari at, ba
mboolem waa diiwaanu Asi dégg kàddug
Sang bi, muy Yawut, di Gereg.

*Waa Efes waaru nañu*

11 Ba mu ko defee Yàlla di def ay kéemaan
yu mag yu mu sottale ci loxoy Póol.
12 Mujj na sax ñuy yóbbul jarag yi ay
kaala aki taraxlaay yu laaloon yaramu
Póol, ba lu leen daloon teqalikook ñoom,
rab wu leen jàppoon, ba leen.
13 Ci kaw loolu ay Yawut yuy wër di faj
ku rab jàpp, tàmbalee roy, di tuddal ñi rab
jàpp turu Sang Yeesu, naan rab yi: «Maa la
dàq ci turu Yeesu, mi Póol di xamle.»
14 Ña doon def jëf jooju ñooy juróom ñaari
doom yu góor yu Sewa, sarxalkatub Yawut
bu mag.
15 Loolu lañu doon jéem bés, rab wa ne
leen: «Yeesu déy, xam naa ko. Póol it xam
naa ko. Waaye yeen, yeenay ñan?»
16 Ci kaw loolu nit ka rab jàpp song leen,
teg leen loxo ñoom ñépp, pamti-pamtee
leen, gaañ leen, ba ñu dawe kër ga yaramu
neen.
17 Mboolem Yawut yaak Gereg ya dëkke
Efes nag yég mbir moomu, tiitaange
dikkal leen ñoom ñépp, daraja ju réy doxe
ca ñeel turu Sang Yeesu.
18 Ba mu ko defee ñu bare ca gëmkat ña
dikk, biral seenug tooñ, daldi xamle yu
bon ya ñu daan jëfe.
19 Ci biir loolu ñu bare ñu daan ñeengo,
boole seeni téere, indi, lakk ko fa kanam
ñépp. Ba ñu xaymaa njëg ga, mu tollu ci
juróom fukki junniy (50 000) poseti xaalis.
20 Noonu la kàddu gi lawe ba féete kaw ci
kàttanu Boroom bi.

*Efes yëngu na*

21 Gannaaw ba loolu wéyee, Póol ci
ndigalal Noo gu Sell gi am mébétum jaare
diiwaani Maseduwan ak Akayi, teg ca
Yerusalem. Mu ne: «Gannaaw bu ma àggee
foofu, war namaa jàll ba Room itam.»
22 Mu daldi yebal fa Maseduwan ñaari
jaraafam, Timote ak Erast, moom mu
toogaat ab diir ca Asi.
23 Jant yooyu nag yemook yëngu-yëngu
bu réy bu amoon ci mbirum Yoonu Sang
bi.
24 Ku ñuy wax Demetirus, ab tëggu
xaalis, moo daan defar jëmmi jaamookaay
yu ndaw yu tuur mi ñu dippee Artemis,
muy njariñ lu réy ci liggéeykat yiy
nawleem.
25 Mu woo leen, ñook ña farewoo liggéey
yu ni mel, ne leen: «Bokk yi, xam ngeen ne
liggéey bii, ci la sunu teraanga nekk.
26 Yeena gis nag mbaa ngeen déggal seen
bopp ni Póol moomu di naxee ba fàbbi
mbooloo mu bare, te du ci Efes gii rekk,
daanaka Asi gépp la, mu naay: “Yàlla yu
loxol nit sàkk du yàlla.”
27 Loolu, jéllale naa ni mu mana gàkkale
sunu liggéey bii, waaye dina tax ñu
teddadil jaamookaayu Artemis, yàlla ju
jigéen ju mag ji, ba darajaam mujj neen,
moom mi mboolem Asi ak àddina sax di
jaamu.»
28 Mbooloo ma dégg kàddu yooyu, daldi
mer lool, di xaacu naan: «Artemis mu Efes
màgg na!»
29 Ci kaw loolu dëkk bépp ne kër-kër, ne
këpp. Ñu jàpp Gayus ak Aristàrk, waa
Maseduwan ya àndoon ak Póol ca tukki ba.
Ñu daldi riirandoo wuti ëttu joŋantekaay
ba.
30 Póol nag bëgga teewi ca kanam
mbooloo ma, taalibe ya bañ.
31 Ñenn ñay ay soppeem ca kàngami
nguur ga sax, yónnee nañu ca moom, di ko
artu ngir mu baña fowe bakkanam, di
dem ca ëttu joŋantekaay ba.
32 Ndaje maa nga rëb lool, ñii xaacu ne
lii, ñee xaacu, ne lee, te ña ca ëpp sax
xamuñu lu waral ndaje ma.
33 Ci kaw loolu mbooloo ma am lu ñu
digal ku ñuy wax Alegsàndar, Yawut ya
jañax ko ca kanam, mu daldi tàllal loxoom,
ngir layool boppam ca digg mbooloo ma.
34 Naka lañu xam ne ab Yawut la, kàddu
ga di benn, jibe ca mbooloo mépp, diiru
ñaari waxtu. Ñu naan: «Artemis mu Efes
màgg na!»
35 Ndawal buur la nag mujj giifal
mbooloo ma, ne leen: «Yeen waa Efes, ana
moos ku xamul ne Efes gii mooy dëkk biy

wattukatub jaamookaayu Artemis ak
jëmmam ji wàcce asamaan?
36 Loolu maneesu koo weddi. Kon nag,
dangeena wara teey, baña sañaxuy def
lenn.
37 Ndax nit ñii ngeen fi indi, teddadiluñu
ay jaamookaay te waxuñu lu ñàkke sunu
yàlla kersa.
38 Su dee Demetirus ak liggéeykat yi ànd
ak moom ñoo jote ak kenn ci ñoom, ay ëtti
layoo am na fi, ay kàngam a ngi fi di àtte.
Nañu fa layooji.
39 Su dee leneen lu ngeen di sàkku nag,
ca ndajem àtte ba lees koy lijjantee.
40 Ndax kat repp nanu ñu jiiñ nu ag
fippu, te amul lenn lu nu mana lay, ba
lewal mii ndaje.» Naka la wax loolu, daldi
tas mbooloo ma.

# 20

## *Póol jaare na Maseduwan ak Geres*

1 Ba yëngu-yëngu ba jeexee, Póol daa woo
taalibe ya, ñaax leen, ba noppi tàggatoo ak
ñoom, jóge fa, dellu diiwaanu Maseduwan.
2 Ba loolu amee mu wër gox yooyu,
ñaaxe gëmkat ña kàddu yu takku, doora
dem réewum Geres.
3 Mu toog fa ñetti weer. Gannaaw gi,
muy waaja dugg gaal jëm Siri, far pexe mu
ko Yawut ya lalal feeñ, mu fomm, nara
dellu jaareji Maseduwan.
4 Ña àndoon ak moom ñoo di Sopater
doomu Pirus ma cosaanoo Bere, ak
Aristàrk ak Sekundus, waa Tesalonig ya,
ak Gayus ma dëkk Derbe, ak Timote, ak
waa diiwaanu Asi ya, Tisig ak Torofim.
5 Ñooñu ñoo jiitu, di nu* nég ca dëkk ba
ñuy wax Torowas.
6 Nun nag ba màggalu Yawut ga ñuy wax
Mburu mu amul lawiir weesoo lanu
dugge gaal fa dëkk ba ñuy wax Filib, am
juróomi fan ca yoon wa, door leena fekksi
ca Torowas, toog fa juróom ñaari fan.

## *Póol dekkal na nit ca Torowas*

7 Ca ndoortel ayu bés ba, naka lanu daje
ngir dagg mburum bokkoo mi†, Póol
yékkati kàddu, di wax ak gëmkat ñi, ndax
fekk na mu bëggoona dem ca ëllëg sa. Wax
ja nag law ba guddi ga xaaj.
8 Ay làmp yu baree nga woon ca néegu
kaw taax ma ñu daje woon.
9 Ci biir loolu ab xale bu góor bu ñuy wax
Ëtikus ma nga toogoon ca kéméju palanteer
ba. Ngëmment dab ko, te kàddug Póol ga
yàgg lool. Ay nelaw nag jàpp waa ji, mu
xàwweekoo ca ñetteelu taax ma, daanu, ñu
yékkati ko, fekk mu dee.
10 Ba loolu amee Póol wàcc, tiim ko,
daldi koy téye ci diggante ñaari loxoom, ne
leen: «Buleen jaaxle, mu ngi dund.»
11 Mu yéegaat, dagg mburu ma, lekk.
Waxaat na lu yàgg, ba njël jot, mu sooga
dem.
12 Xalelu góor ba moom, nit ñaa ko yóbbu,
muy dund, seen xel doora dal bu baax.

## *Póol tàggatoo naak gëmkati Efes*

13 Nun nag nu‡ jiituji, dugg gaal jëm
Asos, fa nu nara yebe Póol, na mu ko
mébéte woon, ndax Póol ci boppam moo
xalaatoona jaare ci yoonu suuf si ba
fekksi nu fa.
14 Ba mu nu fekksee ca Asos, nu yeb ko,
daldi dem Mitilen.
15 Nu jóge fa, tëmb ba agsi ca ëllëg sa fa
janook dunu Kiyos, bés ba ca topp, nu àgg
Samos, bés ba ca toppaat, nu àgg Mile.
16 Ndax Póol daa fasoon yéeney teggi
Efes, ngir baña yàgg diiwaanu Asi; booba
day gaawtu, ngir màggalu Pàntakot man
koo fekk Yerusalem.
17 Fa Mile la Póol yónnee ca Efes, woolu
magi gëmkat ñi.
18 Ba ñu dikkee, mu ne leen:
«Yeen ci seen bopp xam ngeen bu baax,
ca bés ba ma njëkkee teg sama tànk Asi, ba
tey jii, ni ma masa doxale ak yeen,
19 di jaamoo Boroom bi ag woyof gu mat
sëkk, ci biiri rongooñ ak nattu yu ma
pexey Yawut yi teg.
20 Te amul lenn lu leen di jariñ, lu ma
leen nëbb, bañ leen koo xamal; jàngal naa
leen ci mbeddum buur ak ci biir kër yi.
21 Dénk naa Yawut yi ak Gereg yi ne leen,
ñu tuub ci Yàlla te gëm sunu Sang Yeesu.

---

* **20.5** Li waral *nu* mooy Luug mi bind *Jëf ya* mooy wax. † **20.7** ***dagg mburum bokkoo mi:*** moom la gëmkat ñi aadawoo woon, bu ñuy lekk. Dagg mburu, moom lañu mujj di woowe Reeru Sang bi. ‡ **20.13** Li waral *nu* mooy Luug mi bind *Jëf ya* mooy wax.

22 «Léegi maa ngii ci curgag Noo gu Sell
gi, di dem Yerusalem, te umple naa sax lu
ma fay dal,
23 lu moy li ma Noo gu Sell giy seedeel ci
dëkkoo dëkk, ne ma ay jéng aki coono ñoo
may nég.
24 Waaye sama bakkan soxalu ma,
xanaa ma bey samaw sas, ba sottal liggéey
bi ma Sang Yeesu dénk, te mooy seedeel
xibaaru jàmm bu yiwu Yàlla wi.
25 «Léegi nag xam naa ne mboolem yeen
ñi ma duggoon ci seen biir, di yégle
nguurug Yàlla, dootuleen ma gis.
26 Moo ma tax di seede bésub tey, ne
wàccoo naak ñépp, deesu ma topp benn
bakkan.
27 Ndax mboolem li Yàlla nar bañuma
leen cee xamal lenn.
28 Wattuleen nag seen bopp, wattu
mboolem gétt gi leen Noo gu Sell gi
sàmmloo, te ngeen foral mbooloom gëmkati
Yàlla mi Yàlla jote deretu boppam.
29 Man nag xam naa ne gannaaw bu ma
demee, ay bukki yu ñàng dinañu tàbbi ci
seen biir te duñu ñéeblu gétt gi.
30 Ci seen biir sax la aw nit di jóge taxaw,
di wax ndëngte, ngir xiirtal taalibe yi, ba
ñu topp leen.
31 Teewluleen nag te fàttaliku ne diiru
ñetti at, guddi ak bëccëg, masumaa noppee
artu kenn ku nekk ci yeen, bay jooy sax.
32 «Léegi nag, dénk naa leen Yàlla ak
kàddug yiwam gi leen mana dooleel,
dencal leen seen muur ci biir mboolem nit
ñi ñu sellal.
33 Du lenn lu ma xemmem ci kenn: du
xaalis, du wurus du koddaay.
34 Yeen ci seen bopp, xam ngeen ne, muy
sama soxlay bopp, di yoy ñi ànd ak man,
sama loxo yii laa liggéeye lu ma ko faje.
35 Nu nekk laa leen wone ne sunu
wartéef mooy nu liggéeye noonu bu baax,
ngir dimbali néew-doole yi, tey fàttaliku
kàddug Sang Yeesu ga mu noon: “Nangu,
joxee ko ëpp barke.”»
36 Naka la wax loolu, mu daldi sukk, di
ñaanandoo ak ñoom ñépp.
37 Ba loolu amee ñépp jooyoo jooy yu
metti, laxasu ko, fóon ko.
38 La leen yokk aw tiis nag mooy kàddu
ga mu leen wax, ne leen: «Dootuleen ma
gis.» Ba mu ko defee, ñu gunge ko ba ca
gaal ga.

# 21

## *Póol jublu na Yerusalem*

1 Gannaaw ba nu tàggoo ak ñoom, nu
dugg gaal, jubal dunu Kos, teg ca teeri ca
dunu Rodd, jóge fa, jàll ba Patara.
2 Nu gis fa gaal gu jëm Fenisi, dugg ca,
daldi teddi.
3 Naka lanu dem ba séen dunu Sippar,
wacc ko nag ci sunu wetu càmmoñ, jublu
diiwaanu Siri, ba teeri ci Tir, ndax fa la
gaal gi waroona yebbi la mu yeboon.
4 Nu seet taalibey foofa, ba gis leen, toog
ak ñoom juróom ñaari fan. Ci biir loolu Noo
gu Sell gi di leen xiir ci wax Póol, ne ko
bumu dem Yerusalem.
5 Ba nu fa amee fan yooyu lanu fa
bàyyikoo, dem, ñu gunge nu, ñoom ñépp,
ñook seeni soxna ak seeni doom. Nu dem
ba génn dëkk ba, daldi sukk ca tefes ga,
ñaan.
6 Ba loolu amee nu tàggatoo ba noppi,
dugg ca gaal ga, ñoom ñu ñibbi.
7 Nun nag ba nu jógee Tir, danoo ñoqali
ba teeri Patolemayis. Nu nuyoo faak
bokki taalibe ya, toog faak ñoom benn fan.
8 Ca ëllëg sa nu dem ba àgg Sesare. Nu
dem kër Filib, xamlekatu xibaaru jàmm bi
bokk ci Juróom ñaar ñi*. Nu dal ak moom.
9 Filib moomu amoon na ñeenti doomi
janq yuy wax ay kàdduy waxyu.
10 Gannaaw ba nu fa toogee ay fan, ab
yonent bu ñuy wax Agabus jóge Yude, agsi.
11 Mu dikk ba ci nun, jël ngañaayal Póol,
yeewe ko ay tànkam aki loxoom, daldi ne:
«Noo gu Sell gi dafa wax ne: “Ki moom
ngañaay lii, nii la ko Yawut yiy yeewe ca
Yerusalem, jébbal ko jàmbur ñi dul
Yawut.”»
12 Ba nu déggee loolu, nun ak waa gox
baa tinu Póol, ne ko bumu dem Yerusalem.
13 Ci kaw loolu Póol ne: «Lu ngeen di def
nii, di jeexal sama xol? Waxuma ñu yeew
ma rekk, waaye dee sax nangu naa koo
def ci Yerusalem ngir Sang Yeesu.»

* **21.8 *Juróom ñaar ñi*** ñooy ñi doon séddale ndimbalu mbooloom gëmkat ña ca Yerusalem. Seetal ci 6.5.

14 Naka lanu wax a wax a wax, te
terewul mu të, nu bàyyi, daldi ne: «Kon nag
yal na Boroom bi sottal coobareem!»
15 Gannaaw fan yooyu lanu fabu, ngir
dem Yerusalem.
16 Ci biir loolu ay taalibe yu dëkke Sesare
ànd ak nun, yóbbu nu fa nu wara dali, ca
kër ku ñuy wax Manason ma cosaanoo
Sippar, te di taalibe bu yàgg.

## *Póol agsi na Yerusalem*

17 Ba nu agsee Yerusalem nag, bokki
taalibe ya bégoon nañu ci dalal nu.
18 Ca ëllëg sa Póol ànd ak nun, seeti
Yanqóoba, fekk mag ñépp a nga fa teew.
19 Póol nuyook ñoom, ba noppi
benn-bennalal leen jëf ji Yàlla sottale
liggéeyam ci biir jàmbur ñi.
20 Ñu dégg ca, daldi sàbbaal Yàlla, ba
noppi ne ko: «Mbokk mi, xoolal ñaata
junniy Yawut a doon ay gëmkat, te ñoom
ñépp di ñu xér ci yoonu Musaa.
21 Ñoo dégg nag sab jëw, ñu ne dëddu
yoonu Musaa mooy li ngay jàngal
mboolem Yawut yi dëkk ci biir jàmbur ñi,
naan leen buñu xarafal seeni doom, te
buñu topp sunuy aada.
22 Lu ciy pexe nag? Ndax kat duñu
umple ne dikk nga.
23 Léegi daal, dangay def li nu lay wax
nii. Nu ngi feek ñeenti nit ñu am lu ñu
xasal Yàlla.
24 Ñoom ngay àndal, nga bokk ak ñoom
setlu, te nga gàddu seen peyu wateefu
bopp wi boroom xas wu ni mel aadawoo.
Su ko defee ñépp ay xam ne li ñu lay jëwe,
dara amu ci, te yoonu Musaa ngay jëfe, di
ko sàmm.
25 Naka gëmkat ñi dul Yawut nag, bind
nanu leen li nu dogal, ne leen ñu moytu
ñam wu ñu sarxal ay xërëm, moytoo lekk
deret ak yàppu mala mu ñu tuurul
deretam, te moytu séy yi yoon tere.»
26 Ca ëllëg sa Póol ànd ak nit ña, bokk ak
ñoom setlu, dugg ca kër Yàlla ga. Mu daldi
xamle bés ba seen àppu setlu di mat, ba ñu
war cee génne sarax, ñeel kenn ku nekk ci
ñoom.

## *Jàpp nañu Póol*

27 Ba àppu juróom ñaari fan yay waaja
jeex, Yawut ya jóge diiwaanu Asi gis Póol
ca kër Yàlla ga. Ñu xiirtal mbooloo mépp
ciy yëngu-yëngu, jàpp ko,
28 di xaacu naan: «Wallee, bokki Israayil!
Waa jii, mooy kiy wër fépp, di waar ñépp ci
kàddu gu safaanook njariñal xeet wi ak
yoonu Musaa ak béreb bu sell bii. Rax ci
dolli mu indi ci kër Yàlla gi ay Gereg, ba
sobeel béreb bu sell bii.»
29 Booba Torofim mu Efes la ñu gisoon
ca dëkk ba, mu ànd ak Póol, ñu yaakaar ne
Póol da koo yóbbu ca kër Yàlla ga.
30 Ba loolu amee dëkk ba bépp màbb, nit
ña ne kër-kër, ne këpp, ñu jàpp Póol, génne
ko kër Yàlla ga rekk, daldi tëj bunt ya.
31 Naka lañu koy wuta rey, ñu àgge
njiital gàngooru Room ba yore kilifteef ga,
ne ko Yerusalem gépp salfaañoo na.
32 Ca saa sa mu ànd ak ay dag ak njiiti
takk-der, ne jaas ca biir mbooloo ma.
Yawut ya nag gis njiital gàngoor ga ak dag
ya, daldi dakkal yar ya ñu doon dóor Póol.
33 Ci kaw loolu njiit la agsi, jàpp ko, daldi
santaane ñu jénge ko ñaari càllala. Ba loolu
wéyee mu laajte, ne: «Kii ku mu doon ak lu
mu def?»
34 Ñenn ca mbooloo ma xaacu ne lii, ña
ca des ne laa. Ñolñol ja nag tax manu caa
xam dara lu leer. Mu daldi santaane, ñu
yóbbu ko ca biir tata ja.
35 Ba Póol àgge ca dëggastali tata ja,
mbooloo ma daa sànju ak doole, ba
takk-der ya mujj fab Póol, gàddu ko.
36 Ndax booba mbooloo mu réy a ko
topp, di xaacu naa: «Na dee!»

## *Póol layoo na ak Yerusalem*

37 Naka lañu koy waaja dugal ca tata ja,
Póol ne njiitu gàngoor ga: «Ndax man naa
laa wax baat?» Mu ne ko: «Ndeke dégg nga
gereg?
38 Kon du yaay waayu Misra jooju
yëngaloon dëkk bi ci fan yii, te yóbbu woon
ñeenti junniy bóomkat ya (4 000) ca màndiŋ
ma?»
39 Póol ne ko: «Man de ab Yawut laa, di as
goru Tàrs, dëkk bu ñàkkul tur ba ca
diiwaanu Silisi. Dama lay ñaan, nga may
ma, ma wax ak mbooloo mi.»
40 Mu may ko. Póol taxaw ca dëggastal
ya, tàllal mbooloo ma loxo, ñu ne selaw.
Mu wax ak ñoom ci yawut.

# 22

1 Mu ne: «Yeen bokk yi, yeen samay
baay, dégluleen léegi li ma leen di wax.»
2 Ba ñu déggee làkku yawut wa muy
waxe ak ñoom, ñu gën ne xerem.

Póol ne leen:
3 «Man ab Yawut laa, juddoo Tàrs ca
diiwaanu Silisi, yaroo ci dëkk bii. Ci
keppaaru Gamalyel laa jànge, njàng mu
dëppoo bu mat sëkk ak sunu yoonu maam.
Ma doonoon ku xér ci Yàlla ni mboolem
yeen ñii tey.
4 Yoonu Sang bii tey, daan naa fitnaal ñi
ko gëm ba sabab seenug dee. Yeew naa
góor, yeew jigéen, tëjlu leen kaso.
5 Sarxalkat bu mag bi ak mboolem
kuréelu magi askan wi man nañu ma cee
seede. Ci ñoom sax laa nangoo woon
bataaxal bu jëm ca bokki Yawut ya ca
Damaas ga ma jëmoon, ngir yeewe fa
gëmkati Yoon wii nekkoon foofa, ba indi
leen Yerusalem, ngir ñu mbugal leen.

6 «Yàlla def ma topp yoon wa, ba jub
Damaas ci digg bëccëg rekk, ag melax gu
mag jekki fettaxe asamaan, ne ràyy fi ma
wër.
7 Ma ne dàll fi suuf, daldi dégg baat bu
ma ne: “Sóol, Sóol, lu tax nga di ma
bunduxataal?”
8 Ma ne ko: “Sang bi, yaa di kan?” Mu ne
ma: “Man maay Yeesum Nasaret mi ngay
bunduxataal.”
9 Ñi ma àndaloon gis nañu leer gi, waaye
ki wax ak man, xamuñu li mu wax.
10 Ma ne ko: “Sang bi, nu may def?”
Sang bi ne ma: “Jógal dem Damaas, dees
na la wax foofa mboolem li ñu la sas, nga
def ko.”
11 Gisatuma woon dara ndax leeraayu
melax ga; ña ma àndal ñoo ma mujj
wommat, ba ma agsi Damaas.

12 «Ku ñuy wax Anañas nag ma nga woon
ca Damaas. Ku am diiney yoonu Musaa te
rafetub jëw ci biir mboolem Yawuti dëkk
ba.
13 Mu dikk taxaw fi sama wet, ne ma:
“Mbokk mi Sóol, gisal na woon.” Ca saa sa,
may gis na woon, di ko xool.
14 Mu ne ma: “Sunu Yàllay maam moo la
dencal céru ràññee coobareem, ak gis Aji
Jub ji, dégg ko, muy wax ak yaw.
15 Ndax li nga gis, dégg ko, yaa koy
seedeel nit ñépp.
16 Léegi nag, looy nég? Jógal, ñu sóob la ci
ndox, nga set, teqalikook say bàkkaar, te
tudd turu Yeesu.”
17 «Yàlla def, gannaaw ba ma délsee
Yerusalem, ma doon ñaan ca kër Yàlla ga,
daldi daanu leer.
18 Ma gis Sang bi, mu ne ma: “Gaawal,
daw génn Yerusalem, li nga may seedeel,
duñu ko nangu.”
19 Ma ne ko: “Sang bi, ñoom ci seen bopp
xam nañu ne jàngub Yawut ci kaw jàngub
Yawut, maa fa daan tëjlu aka cawlu ñi la
gëm.
20 Te it ba ñuy tuur deretu Eccen, sa
seede ba, man it maa nga fa woon, juboo
caak ñoom, te ña ko rey, maa leen doon
wattul seeni mbubb.”
21 Mu ne ma: “Demal, man, fu sore laa
lay yebal ca ña dul Yawut.”»

### *Póol as goru Room la*

22 Ba ba muy wax loolu, mbooloo maa
nga koy déglu. Ba ñu déggee kàddu yooyu
lañu xaacu ne: «Jëleleen ko ci kaw suuf! Ku
mel ni kii yeyoowula dund!»
23 Ña ngay yuuxoo, di sànni seeni yére,
tibb suuf, di ko xëpp ci kaw.
24 Ci kaw loolu njiitu gàngoor ga
santaane, ñu dugal Póol ca tata ja, door ko
ay yar, di ko laaj, ngir xam lu waral ñu di
ko yuuxoo noonu.
25 Naka lañu ko yeew ngir dóor ko ay
kàcciri, mu ne njiitu takk-der ba fa taxaw:
«As goru Room bu yoon dabul, mbaa am
nga sañ-sañu dóorlu ko?»
26 Njiitu takk-der ba dégg loolu, daldi
dem ba ca njiital gàngoor ga, xamal ko ko,
ne ko: «Li ngay def nag? Nit kii as goru
Room la!»
27 Njiital gàngoor ga dikk, ne Póol: «Yaw
wax ma, ndax as goru Room nga?» Mu ne:
«Waaw.»
28 Mu ne ko: «Man de xaalis bu bare laa
jënde sañ-sañu doon as goru Room.» Mu ne
ko: «Man nag moom laa judduwaale.»
29 Ña ko doon waaja dóor ngir waxloo ko
nag dànd ko ca saa sa. Njiital gàngoor ga it
tiit, ba mu yégee ne Póol as goru Room la,
te fekk mu yeewlu ko.

### *Póol taxaw na ca kuréelu àttekati Yawut ya*

30 Ca ëllëg sa nag njiital gàngoor ga bëgga
am lu ko leer nàññ ca la Yawut ya jiiñ Póol.
Mu yiwi ko, woolu sarxalkat yu mag ya ak
mboolem kuréelu àttekat ya. Ci kaw loolu
mu indi Póol, taxawal ko ci seen kanam.

## 23

1 Ba loolu amee Póol xool jàkk waa
kuréel ga, ne leen: «Bokk yi, man de xel mu
dal a dal laa masa jëfe fi kanam Yàlla, ba
bésub tey jii.»
2 Anañas sarxalkat bu mag ba nag sant
ña taxaw ca wetu Póol, ne leen: «Félleen
gémmiñam.»
3 Póol ne ko: «Fél la yaw, moom la Yàlla
di waaj, jinigalkat bee, mbete miir bu ñu
weexal! Yaa ngi toog, topp yoon, di ma
àtte, te teewul nga xëtt yoon, di ma
dóorlu!»
4 Waa géew ba ne ko: «Sarxalkatub Yàlla
bu mag bi ngay xas nag?»
5 Póol ne leen: «Bokk yi, xawma woon ne
mooy sarxalkat bu mag bi, ndax bindees
na ne: “Sa kilifag askan, bu ko wax
naka-su-dul-noonu.”»
6 Fekk na Póol xam ne lenn ca kuréel gaa
nga bokk ca ngérum Sadusen ya, ña ca des
bokk ca ngérum Farisen ya. Mu daldi àddu
ca kaw ca biir géew ba, ne: «Bokk yi, man
de ab Farisen laa, di doomu Farisen; li ñu
may àttee nag mooy sunu yaakaar ak sunu
ngëm gi nu bokk ci mbirum dee-dekki.»
7 Naka la wax loolu Farisen yaak
Sadusen ya tàmbalee werante, ba mbooloo
ma xàjjalikoo.
8 Ndax Sadusen yi dañu ne dee-dekki ak
malaaka ak rab, dara amu ci, te Farisen yi
ñoom, yooyu yépp lañu dëggal.
9 Ci kaw loolu coow lu réy jib. Ñenn ca
firikati yoonu Musaa, ñi bokk ci làngu
Farisen ya, ne bërét, àddook doole, ne:
«Gisunu lenn lu bon ci nit kii. Ku xam ndax
aw rab a wax ak moom, mbaa malaaka?»
10 Xuloo ba nag gëna tàng, ba njiital
gàngoor ga mujj ragal ñu sëxëtoo Póol, ba
def ko ay dog. Mu daldi sant lenn ca
xarekat ya ñu wàcc, jële Póol ci biir nit ñi,
yóbbu ko ca tata ja.
11 Ca guddi ga Sang bi feeñu Póol, ne ko:
«Na sa xel dal. Ni nga ma seedeele ci
Yerusalem, noonu nga ma wara seedeeleji
ca Room.»

### *Yawut ya fexeel nañu Póol*

12 Ba bët setee Yawut ya daje, daldi
xasoo ne duñu lekkati, duñu naanati, ba
kera ñuy rey Póol.
13 Ña lal pexe moomu, ëpp nañu ñeent
fukk.
14 Ñu dem ca sarxalkat yu mag ya ak
magi askan wa, ne leen: «Danoo giñ ne
dunu dugalati dara ci sunu gémmiñ, ba
kera nuy rey Póol.
15 Léegi nag yeen ak kuréelu àttekat yi,
ñaanleen njiital gàngoor gi, mu indi Póol ba
ci yeen, mu mel ni dangeena bëgga seetaat
bu baax mbiram. Nun nag fagaru nanu,
ngir bala moo agsi, nu rey ko.»
16 Jarbaatub Póol bu góor nag yég tëru
ma. Mu daldi dem ba ca tata ja, dugg,
yégal ko Póol.
17 Póol woo kenn ca njiiti takk-der ya, ne
ko: «Yóbbul xale bu góor bii ba ci njiital
gàngoor gi, ndax am na lu mu ko wara
wax.»
18 Njiital xare ba ànd ak xale ba, yóbbu ko
ca njiital gàngoor ga, ne ko: «Póol, mi ñu tëj,
moo ma woo, ñaan ma, ma indil la xalelu
góor bii, ndax am na lu mu lay wax.»
19 Ba loolu amee njiital gàngoor gi jàpp ci
loxol xalelu góor bi, wéetoo ak moom, ne
ko: «Ana loo may xamal?»
20 Mu ne ko: «Yawut yi ñoo mànkoo ci
ñaan la, nga yóbbu Póol ëllëg ca kuréelu
àttekat ya, mu mel ni dañoo bëgga seetaat
bu baax mbiram.
21 Yaw nag bu leen ko may, ndax lu ëpp
ñeent fukk ci ñoom a koy tëru, te xasoo
nañu ne dootuñu lekk, dootuñu naan, ba
kera ñu ko reyee. Fagaru nañu ba noppi,
di xaar sa ndigal.»
22 Njiital gàngoor ga daldi koy yiwi, ne
ko: «Bul wax kenn ne ko àgge nga ma lii.»

### *Yóbbu nañu Póol Sesare*

23 Ba mu ko defee mu woo ñaari njiiti
takk-der, ne leen: «Waajalleen ñaari téeméeri
xarekat ak juróom ñaar fukki gawar ak
ñaari téeméeri boroom xeej, ngir ngeen
dem Sesare bu juróom ñeenti waxtu jotee
ci guddi.

24 Te itam nangeen waajalal Póol
daamar, waral ko, ngir yóbbu kook jàmm
ba ca Feligsë, boroom réew mi.»
25 Mu bind nag bataaxal bu ne:
26 «Ñeel la yaw boroom réew mi,
Feligsë mu tedd mee tedd, bawoo ci
man Këlódd Lisiyas mi lay nuyu.
27 Nit kii la Yawut yi jàppoon, di ko
waaja rey, far ma dikk ànd ak lenn ci
gàngoor gi, wallu ko, ndax fekk na ma yég
ne as goru Room la.
28 Ma bëggoona xam nag lan lañu koy
sikke, ba tax ma yóbbu woon ko ca seen
kuréelu àttekat ya.
29 Ma gis nag ne li ñu ko jiiñ, ci seen
mbiri yoonu diine rekk la, waaye du lenn
lu jar rey, mbaa jéng.
30 Ba ñu ma àggee am tëru mu ko
Yawut yi waajaloon nag, ci laa ko yebal ci
yaw ci saa si. Jox naa itam ndigal ñi ko
sikk, ne leen ñu wax ci sa kanam, gan tooñ
lañu ko toppe.»
31 Ba loolu amee xarekat ya def la ñu
leen digal, yóbbu Póol ci guddi ba ca dëkk
ba ñuy wax Antipataris.
32 Ca ëllëg sa takk-der yay deme tànk
waññiku, délsi ca tata ja, bàyyi gawar ga,
ñu gunge Póol ba mu àgg.
33 Gawar ga àgg Sesare, daldi jébbal
boroom réew ma bataaxal ba, jébbal ko
Póol itam.
34 Boroom réew ma jàng bataaxal ba,
daldi laaj ci ban diiwaan la Póol bokk, ba
xam ne diiwaanu Silisi la bokk.
35 Mu ne ko: «Xaaral ba say tuumaalkat
itam dikk, ma déglu la.» Mu santaane nag,
ñu denc ko ca kër Buur Erodd.

# 24

## *Póol layoo na ci kanam boroom réew ma*

1 Ñu teg ca juróomi fan, Anañas sarxalkat
bu mag ba dikk, ànd ak ay magi askan wa
ak ab layookat bu ñuy wax Tertul. Ñu
jébbalsi boroom réew ma tuuma ja ñu teg
Póol.
2 Ñu woo Póol, Tertul daldi yékkati
kàddug tuuma, ne: «Kilifa gi, ci yaw la jàmm
ju yaa ame, te yaa fàggu ay coppite yu ñeel
askan wi.
3 Saa su nekk, ak fépp fu nu tollu lanu
ràññee loolu, yaw Feligsë mu tedd mi, te di
la ko sante lool.
4 Gannaaw bëggunu laa sonal nag, rikk
baaxeeti nu, déglu nu tuuti.
5 Waa jii lanu gis ne ab rambaaj la buy
sabab réeroo ci biir Yawuti àddina sépp.
Moom mooy njiitu ngér mu sikk mi ñuy
wax Nasareen ñi.
6-7 Kër Yàlla ga sax jéem na koo teddadil,
noo ko jàpp.
8 Yaw ci sa bopp, soo ko laajaatee ci mbir
moomu mépp, dinga gis li nu koy jiiñ.»
9 Yawut ya itam dëggal tuuma ja, ne
noonee la mbir ma ame.
10 Ba loolu amee boroom réew ma jox
Póol kàddu gi. Mu ne: «Xam naa ne at yu
baree ngii ngay àtte xeet wi. Moo tax ma
am cawartey layool sama bopp.
11 Man ngaa leerlul sa bopp ne ba ma
demee Yerusalem di màggali ak léegi,
weesoogul fukki fan ak ñaar.
12 Te giseesu ma may werante, mbaa
may yëngal mbooloo; du ca kër Yàlla ga, du
ca jànguy Yawut ya, du ca biir dëkk ba.
13 Te itam li ñu may jiiñ nii tey, manuñu
cee firndeel dara.
14 Lenn de man naa la koo nangul. Yoon
woowu ñu ne mooy ngér mu sikk, moom
laay topp, di ko jaamoo sunu Yàllay maam.
Teewul mboolem lu ñu bind ci yoonu
Musaa ak téerey yonent yi, gëm naa ko.
15 Yaakaar ji ma am, mooy yaakaar ji ñu
am ñoom itam, ne ñi jub ak ñi jubadi, ñépp
ay bokk dekki ëllëg.
16 Moo tax fu ma tollu, man itam, may
def lu ma man ngir am xel mu dal, wàccoo
ak Yàlla, wàccoo ak nit ñi.
17 «Samay tànk nag, gannaaw at yu bare
yu ma fi gëj, moo doon indil samaw askan
ay ndimbal ak ay sarax yu ñeel Yàlla.
18 Ci biir loolu lañu ma fekk ca biir kër
Yàlla ga, ma setlu, te du mbooloo, du coow
lu ma indaale.
19 Xanaa ñenn Yawuti diiwaanu Asi ña
ma fa fekkoon. Ñooñoo ma waroona
tuumaal fi sa kanam, ndegam am nañu
lenn lu ñu ma sikke.
20 Mbaa boog, na nit ñii ci seen bopp
wax gan ndëngte lañu ma gisal, keroog ba
ma taxawee ca kuréelu àttekat ya!

21 Xanaa genn kàddu ga ma taxawoon ca
seen biir, àddu ko ca kaw ne: “Mbirum
dee-dekki gi ma gëm, moom lañu may
àttee ci seen kanam tey!”»
22 Booba Feligsë jotoon naa am lu ko
leer ci mbirum Ngér mii. Mu yiweegum
leen nag, ne leen: «Bu Lisiyas njiital
gàngoor gi dikkee, dinaa àtte seen mbir.»
23 Ci kaw loolu mu sant njiitu takk-der
ba, ne ko mu may Póol bët, woyofal ko
jataayu kasoom te baña aaye ay nitam ñu
toppatoo ko.
24 Ñu teg ci ay fan, Feligsë dikk, ànd ak
soxnaam Dursil mi dib Yawut. Mu woolu
Póol, déglu kàddoom ci ngëm gi sababoo ci
Yeesu Almasi bi.
25 Naka la Póol wax ci mbirum njub, ak
noot sa bakkan, ak àtteb bés-pénc, Feligsë
daldi tiit, ne ko: «Léegi, man ngaa
demagum, bu ma ko talee, dinaa la
wooluwaat.»
26 Ci biir loolu Feligsë yaakaar itam ne
jombul mu jële xaalisub neexal ci Póol, ba
tax mu woolu ko ay yooni yoon, ngir
waxtaan ak moom.
27 Ba ñu ca tegee ñaari at yu mat, ku ñuy
wax Porsiyus Festus wuutu Feligsë.
Feligsë nag bëggoon lu neex Yawut ya, ba
tax mu bàyyi Póol ca kaso ba.

# 25

## *Póol layoo na ca kanam Festus*

1 Festus nag toogsi diiwaan ba lu tollook
ñetti fan. Gannaaw loolu mu jóge Sesare,
dem Yerusalem.
2 Sarxalkat yu mag yi ak njiiti Yawut yi
boole ko ak Póol. Ñu dagaan ko,
3 tinu ko ngir mu woolu Póol Yerusalem,
ndax fekk na ñu lal pexem rey ko ca yoon
wa.
4 Festus itam ne leen, Póol a nga ñu tëj
kaso ca Sesare, te moom ci boppam, fa la
nara gaaw, dellu.
5 Mu ne leen: «Kon nag, na nit ñu am
baat ñu bokk ci yeen, ànd ak man,
tuumaali waa ji, ndegam am na fenn fu
mu tooñe.»
6 Festus toogaatul ak ñoom lu wees
juróom ñett ba fukki fan, doora dellu
Sesare. Ba mu agsee ba ca ëllëg sa la toog
ca àttekaay ba, joxe ndigal, ñu indi Póol.
7 Ba Póol dikkee, Yawut ya jóge
Yerusalem yéew ko, teg ko tuuma yu bare
te réy, te manuñu cee firndeel lenn.
8 Ci kaw loolu Póol weddi tuuma yi, ne:
«Muy yoonu Yawut yi, di kër Yàlla gi, di
Buur bu mag bi Sesaar, tooñuma ci kenn.»
9 Festus nag bëgg lu neex Yawut yi, tax
mu ne Póol: «Ndax nangu ngaa dem
Yerusalem, ñu àttee la foofa ci mii mbir ci
sama kanam?»
10 Póol itam ne ko: «Maa ngi nii taxaw ci
kanam àttekaayu Buur Sesaar; te fii lañu
ma wara àttee. Yawut ñi nag, defuma leen
dara, te yaw ci sa bopp, wóor na la.
11 Su ma tooñee, su ma defee lenn lu dee
di àtteem, tinuwuma ngir baña dee. Waaye
su lenn amul ci li ma ñii di jiiñ, kenn amul
sañ-sañu jébbal ma leen, ñoom ñi may
tuumaal. Buur Sesaar nag laa dénk sama
bopp!»
12 Ci kaw loolu, Festus gise ak waa
kuréel ga, ba noppi ne ko: «Sesaar nga dénk
sa bopp, ca Sesaar nga jëm.»

## *Festus diisoo na ak buur Àggripa*

13 Gannaaw ab diir buur Àggripa ànd ak
jigéenam Berenis ganesi Sesare, ngir
nuyusi Festus.
14 Ba ñu fa amee ab diir, Festus diis Buur
Àggripa mbirum Póol, ne ko: «Jenn waay ju
ñu tëj kaso la nu Feligsë bàyyee.
15 Ba ma demee Yerusalem, moom la ma
sarxalkat yu mag yeek magi Yawut ya
booleeloon, di sàkku ci moom ab daan.
16 Ma ne leen: “Aaday Room daal
nanguwul ñu jébbale nit, ngir ñu rey ko, te
njëkkula jàkkaarloo ak ñi ko tuumaal, ba
mana layal boppam ci mbir mi ñu ko
tuumaal.”
17 Ba ñu dikkee fekk ma fii itam,
yàggaluma ci dara, ca ëllëg sa sax laa toog
ca àttekaay ba, daldi joxe ndigal, ñu indi
waa ji.
18 Ba tuumaalkat ya taxawee nag,
feeñaluñu jenn tuuma ju bokk ci yu bon yi
ma foogoon,
19 xanaa seen yenn yëfi diiney bopp yu
ñu juboowul, ak mbirum ku ñuy wax
Yeesu mu dee woon, te Póol moomu di
dëggal ne mu ngi dund ba tey.

20 Loolu nag jaaxal ma, ba ma laaj ko
ndax nangu naa dem Yerusalem, ñu àttee
ko fa ci moomu mbir.
21 Póol itam sàkku ñu dencagum ko kaso,
tey sàkku ci mbiram, àtteb buur bu tedd bi.
Ma daldi joxe ndigal, ngir ñu dencagum ko
kaso, ba ma yebal ko ca Sesaar.»
22 Ci kaw loolu Àggripa ne Festus: «Kooku
de, man sax bëgg naa koo déglu.» Festus ne
ko: «Bu ëllëgee dinga ko dégg.»

### *Póol teew na ci kanam Àggripa*

23 Ca ëllëg sa Àggripa ak Berenis ànd ak
topp mu ràññiku, duggsi ca ëttub àttekaay
ba, feggook njiiti gàngoor ya ak kàngami
dëkk ba. Festus joxe ndigal, ñu indi Póol.
24 Ba mu dikkee, Festus ne: «Buur
Àggripa, yeen mboolem ñi fi bokk ak nun
teew, gis ngeen kii, moom la ma askanu
Yawut wépp booleel, muy ca Yerusalem ak
fii itam, ñuy xaacu naan: “Kii yelloowula
dundati.”
25 Man nag damaa gis ne deful dara lu
jar àtteb dee. Waaye gannaaw moo dénk
boppam buur bu tedd bi, man dogu naa
ko koo yónnee.
26 Mbiram nag laa amul dara lu ma
wóor, ngir ma bind ko sang bi. Moo tax ma
indi ko ci seen kanam, rawatina ci sa
kanam, Buur Àggripa, ngir gannaaw bu ñu
ko dégloo, ma mana am lu ma bind.
27 Ndaxte jàllale ku ñu jàpp te tudduloo
tuuma yi ñu koy topp daal, lu juunu la ci
man.»

# 26

### *Póol layoo na fa kanam Àggripa*

1 Ci kaw loolu Àggripa ne Póol: «Léegi sañ
ngaa waxal sa bopp.» Póol nag tàllal
loxoom, layool boppam, ne:
2 «Buur Àggripa, mbégte laa am ndax
dinaa layool sama bopp ci sa kanam tey,
ngir tontu mboolem lu ma Yawut yi jiiñ.
3 Rawatina ba ma xamee ne ku géeju nga
ci aaday Yawut ak werante yi ci seen wàllu
yoon. Kon dama lay ñaan rekk, nga muñal
ma, déglu ma.
4 «Mboolem fi ma jaare ci samag dund,
dale ko ca samag ndaw, ca ndoorte la, ba
ma nekkee ca sama biir xeet ak ca
Yerusalem, lépp, mboolem Yawut yi xam
nañu ko.
5 Xam nañu ma bu yàgg, te su leen
neexee ñu seede ne ngérum Farisen mi
gëna diis ci sunu diine, ci laa masa bokk.
6 Sama taxawaayu tey ci ëttub àttekaay
bii nag, mooy yaakaar ji ma am ci dige bi
Yàlla digoon sunuy maam.
7 Te mooy dige bi fukki giir ak ñaar yu
bànni Israayil di séentu mu sottil leen, ba
tax guddi ak bëccëg ñu xér ci jaamu Yàlla.
Yaakaar jooju nag, Buur, moo tax Yawut yi
tuumaal ma!
8 Ana lu leen taxa jàpp ci seen biir ne xel
nanguwul Yàlla di dekkal ñi dee?
9 «Man ci sama bopp, gàntal lu ma man
turu Yeesum Nasaret, sama warugar laa
ko defoon.
10 Def naa ko ci Yerusalem, te it bare na
ñu sell ñu ma tëjlu ci kaw sañ-sañ bu ma
sarxalkat yu mag yi jagleel, te saa yu ñu
leen tegaan àtteb dee, dama daan biral
kàddu gu leen àtte ñàkkal.
11 Ci jànguy Yawut yu nekk laa leen daan
tege mbugal ay yooni yoon, ngir xàccloo
leen. Maa daan sànju ba xaabaabal ci seen
kaw, topp leen ba ci biir dëkki jàmbur yi.
12 «Yoon wu mel noonu laa doon dox,
jëm Damaas, ci ndigalal ak ndénkaaneb
sarxalkat yu mag yi.
13 Ba ma demee, booru digg bëccëg,
Buur, ca laa gis ag melax gu leer ba raw
jant bi, fettaxe asamaan, ne ràyy fi ma wër,
maak ñi ma àndal.
14 Nu ne dàll fi suuf. Ma dégg baat bu ma
wax ci làkku yawut, ne ma: “Sóol, Sóol, lu
tax nga di ma bunduxataal? Dangay sonal
sa bopp rekk, mbete fas wu manula
waŋŋeetu ba wéq dëgël bu koy jam.”
15 «Ma ne ko: “Sang bi, yaa di kan?” Sang
bi ne ma: “Man maay Yeesu, mi ngay
bunduxataal.
16 Jógal taxaw nag. Dama laa feeñu ngir
def la ngay sama surga, ngir nga di ma
seedeel peeñum tey ak peeñu yi ma lay
feeñooji ëllëg.
17 Maa lay musal ci askanu bànni
Israayil ak ci jàmbur ñi ma lay yebal,
18 ngir nga xippil leen, jële leen ci
lëndëm, tàbbal leen ci leer, seppee leen ci
nooteelu Seytaane, indi leen ci Yàlla, ñu

am njéggalug bàkkaar, am cér ci biir nit ñi
ñu sellal ndax ngëm gi ñu ma gëm.”

19 «Kon nag buur Àggripa, peeñum
asamaan moomu, woruma ko.
20 Waaye li dale Damaas ak Yerusalem
ba ci réewum Yawut gépp, ba ca ñi dul
Yawut, ñoom ñépp yégal naa leen seen
wartéef, muy tuubeel ak waññiku ci Yàlla
ak jëf ju tuubeel yellool.
21 Loolu moo waral Yawut yi jàppe ma ca
kër Yàlla ga, di ma fexee rey.
22 Ndimbalal Yàlla nag moo ma may may
dund ba tey jii, di ko seedeel ci mag ak
ndaw, te waxuma lenn lu moy la yonent
ya ak Musaa waxoon ne dina am.
23 Dañu noon fàww Almasi bi jaar ci ay
coono te mooy njëkka dekki, ba siiwtaane
leer gu jolli, ñeel bànni Israayil ak jàmbur
ñi itam.»
24 Naka la Póol layool boppam noonu,
Festus àddu ca kaw, ne ko: «Póol, yaw
dangaa dof! Sa njàng mu réy mee la
dofloo.»
25 Póol ne ko: «Dofuma de, Festus mu
tedd mi, dëgg gu ànd ak xel kay, laay biral.
26 Lii ma wax, buur bi xam na ko, moo
tax ma ñeme koo wax ci kanamam, ndax
bir na ma ne, amul lenn lu ko ump ci lii,
ngir du cib ruq la xewe.
27 Buur Àggripa, xanaa gëm nga yonent
yi? Xam naa xéll ne gëm nga.»
28 Àggripa nag ne Póol: «Nga defe ne man
nga maa gaawa def noonu ab gëmkatub
Almasi bi?»
29 Póol ne ko: «Mu gaaw, mu yeex,
waxuma yaw rekk, waaye yaak mboolem
ñi may déglu laay ñaan Yàlla, ngeen fekksi
ma ci lépp, lu moy càllala yii ñu ma jénge!»
30 Ci kaw loolu buur bi ak boroom réew
mi jóg, ñook Berenis ak ña ñu toogal.
31 Ña ngay dem, te naa ca seen biir: «Kii
kat deful dara lu jar dee mbaa ay jéng.»
32 Àggripa moom ne Festus: «Kii kay su
dénkuloon mbiram Sesaar, nu man koo
yiwi.»

# 27

### *Póol dugg na gaal, jëm Room*

1 Ba loolu wéyee ñu dogu noo dugal gaal,
jëme nu[*] réewum Itali. Ñu teg Póol ak
ñeneen ñu ñu tëjoon ci loxool njiitu
takk-der bu ñuy wax Yulyus, te mu bokk ci
mbooloom xarem buur bu mag bi.
2 Nu dugg genn gaalu ca dëkk ba ñuy
wax Àddramit te wara jaareji ca teeruy Asi.
Nu daldi tàbbi biir géej, Aristàrk jenn waay
ju dëkke Tesalonig ca diiwaanu
Maseduwan ànd ak nun.
3 Ca ëllëg sa nu teeri Sidon; Yulyus nag
baaxe Póol, may ko mu dem ci ay xaritam,
ngir ñu toppatoo ko.
4 Nu jóge fa, dellu géej, ngelaw li soflu
nu, nu leru tefesu dun bu ñuy wax Sippar,
jaare wet gu nu fegoo ngelaw li.
5 Ci kaw loolu nu jàll géej gi janook
diiwaani Silisi ak Pamfili, daldi teeri Mira
ca diiwaanu Lisi.
6 Foofa nag njiitu takk-der ba gis gaal gu
jóge Alegsàndiri, jëm Itali, mu dugal nu ca.
7 Ba loolu amee nuy deme ndànk ay fani
fan; sonn nanu lool doora jub Kanidd,
waaye ngelaw li mayu nu nu teer. Nu leru
tefesu Keret, jaare wet gu nu fegoo ngelaw
li, janook Salmone.
8 Sonn nanu lool bala noo romb foofu,
doora agsi fa ñuy wax Neex Teeru, te dend
ak dëkk ba ñuy wax Lase.
9 Fekk na nag nu yàgg ca yoon wa, ba
tollu ci jamono ju tukkib géej aaytal, ndax
fekk na Koorug Yawut[†] wees. Loolu tax
Póol digal leen ne:
10 «Bokk yi, gis naa ne yoon wii loraange
ak yàqule gu réy la. Waxuma gaal gi ak li
mu yeb, waaye sunuy bakkan sax xaj na
ci.»
11 Teewul njiitu takk-der ba sobental
waxi Póol, déggal dawalkat ba ak boroom
gaal ga.
12 Te itam teeru boobu neexul woona
lollikoo. Loolu waral ña ëpp ca waa gaal ga
mànkoo ci jóge fa, dellu géej, te fexe nu ñu
àgge Fenigsë, ngir lollikoo fa. Mooy teerub

[*] **27.1** Li waral *nu* mooy Luug mi bind *Jëf ya* mooy wax. [†] **27.9** ***Koorug Yawut,*** ca fukkeelu fanu juróom ñaareelu weer wa lay am, mu yemook sàttumbar, jàpp oktoobar. Mooy bésub Njotlaay bi. Bés boobu la sarxalkat bu mag ba daan yóbbu deretu jur fa néeg bu sella sell ba, ngir Yàlla baal bànni Israayil seeni bàkkaar. Bés bu sella sell la woon, bu ñu daan yendoo woor. Seetal ci *Sarxalkat yi* saar 16.

dunu Keret bi jublu sowub suuf ak sowub kaw.

### *Ngëlén sàqi na*

13 Ci kaw loolu ngelawal bëj-saalum wal ndànk, ñu njort ne man nañoo sottal seen pexe. Ñu wëgg diigal, daldi tafoo tefesu Keret.

14 Teewul nes tuut ngelaw lu réy lu ñuy wax Penkub kaw, riddee ca dun ba.

15 Gaal gi buubu, manatula dékku ngelaw li, ba nu mujj bayliku, daldi yal.

16 Nu leru nag dun bu tuuti bu ñuy wax Koda, jaare wet gu nu fegoo ngelaw li, teg ci sonn lool doora téye loocob rawtu bu gaal gi.

17 Ñu yéege looco ba, daldi jël ay buum yu ñu laxas ca yaramu gaal ga, dàbbalee ko ko. Ci kaw loolu ñu ragala ngiroji ca beeñ bu ñuy wax Sirt, ba tax ñu sànni diigal, ngir yeexal gaal ga, daldi yalal.

18 Ca ëllëg sa ngelaw la wéye noo pamti-pamtee, ba ñu mujj wàñña ca yebu gaal ga, sànni biir géej.

19 Ca gannaaw ëllëg sa, seen loxoy bopp lañu jële yenn jumtukaayi gaal ga, sànni.

20 Ay fani fan jant beek biddiiw yi ne meŋŋ, te ngelaw liy riddi rekk, ba nu noppee yaakaar ne dinanu mucc.

21 Loolu nag fekk na ñu gëjoona lekk. Póol daldi taxaw ca seen biir ne: «Bokk yi, su ngeen yégoon déggal ma, baña jóge Keret, ba moyu loraange gii ak yàqule gii.

22 Léegi nag dama leen di ñaax, ngir ngeen dalal seen xel, ndax kenn ci yeen du ñàkk bakkanam, gaal gi rekk ay yàqu.

23 Ndax malaakam Yàlla ji ma moom, te ma di ko jaamu, moo ma dikkal biig.

24 Mu ne ma: "Póol, bul tiit; fàww nga taxawi fa kanam Sesaar, te it Yàlla moo la baaxe muccug mboolem ñi nga àndal ci gaal gi."

25 Kon nag, bokk yi, dalalleen seen xel, ndax gëm naa Yàlla, xam naa ne ni mu ko waxe, ni lay ame.

26 Du ñàkk aw dun wu nu lufeji.»

### *Gaal ga tas na*

27 Ca fukkeelu bés baak ñeent, nu ngay yal-yalee fu ne ca géeju Adiratig; ba guddi ga xaajee mool ya njort ne nu ngay jegesi ab tefes.

28 Ñu sànni nattukaay ba biir géej, gis ndox ma xóote ñaar fukki dayo, xawa yemook ñeent fukki meetar. Ñu demati tuuti, sànniwaat ko, daldi gis ndox ma xóote fukki dayo ak juróom, xawa yemook fanweeri meetar.

29 Ci kaw loolu ñu ragala lufeji béreb bu ami doj, ba tax ñu sànnee ca geenu gaal ga ñeenti diigal, tey ñaan jant fenke leen.

30 Teewul mool ya ñoom di fexee raw, daldi dem ba yoori loocob rawtu ba biir géej, tey taafantoo ne ay diigal lañuy sànnee ca boppu gaal ga.

31 Póol nag ne njiitu takk-der ba ak xarekat ya: «Ñii bu ñu desul ci gaal gi, yeen dungeen raw.»

32 Ca la takk-der ya dog buum ya téye looco ba, bàyyi, mu wéy.

33 Naka la jant di waaja fenk, Póol ñaax ñépp, ngir ñu lekk; mu ne leen: «Fukki fan ak ñeent a ngii, yeena ngi toog, lekkuleen, sexuleen dara.

34 Dama leen di ñaax nag ngir ngeen lekk, ndax noonu doŋŋ ngeen mana rawe. Du genn kawar sax guy rote ci boppu kenn ci yeen.»

35 Loolu la wax, daldi jël mburu, sant Yàlla ci kanam ñépp, ba noppi dagg, lekk.

36 Ba loolu amee, ñépp dellu sawar, daldi lekk ñoom itam.

37 Ña nekkoon ca gaal ga ñépp ñaari téeméer ak juróom ñaar fukk ak juróom benn (276) lanu.

38 Ñu lekk ba suur, daldi sànni pepp ma biir géej, ngir woyofal gaal ga.

39 Ba bët setee, xàmmeewuñu réew ma, waaye ab catu tefes lañu séen. Ñu fas yéene faa teereji, ndegam manees naa nekk.

40 Ba mu ko defee ñu dagg diigal ya, wacc biir géej, yiwiwaale goj ya téye joowu yay dawal gaal ga. Ci kaw loolu ñu firi wiiru kanam ga, ngelaw la yóbbu gaal ga, nu wuti tefes ga.

41 Teewul ñu dal fu ñaari ndaw daje, ci ab tundu beeñ, gaal ga luf. Boppu gaal ga nuur ca suuf sa, yëngootul, geenu gaal ga tas ndax dooley gannax ya.

42 Ba loolu amee takk-der ya nara rey ña
ñu tëj, bala ñoo féey, ba raw.
43 Njiitu takk-der ba nag namma rawale
bakkanu Póol, ba tax mu aaye loolu. Mu
sant ñi mana féey, ne leen ñu njëkka sóobu,
wuti tefes ga.
44 Ña ca des nag, topp ca, ñii langaamoo
ay dénk, ñee, tojiti gaal ga. Noonu la ñépp
mujje jot tefes ga ci jàmm.

# 28

## *Póol gane na dunu Màlt*

1 Gannaaw ba nu rawee, nu yég ne dun
ba Màlt lañu koy wax.
2 Waa réew ma nag laaye nu biir lool.
Fekk na mu tàmbalee taw, ànd akub sedd.
Ñu taalal nu am njaar, dalal nu nun ñépp.
3 Póol daldi taxan aw say, di ko teg ca
taal ba, jaan génne ca ndax tàngoor wa,
màtt ko ba taq ci loxoom.
4 Waa réew ma gis jaan ja langaamu ca
loxol Póol, ñu naan ca seen biir: «Nit kii
kay ab bóomkat lay doon, moo rëcc ci géej
gi, waaye ndogalu yàlla mayu ko mu
dund.»
5 Teewul Póol yëlëb jaan ja ca sawara sa,
te dara jotu ko.
6 Nit ña nag di ko xoole yaram wu newi,
mbaa mu jekki ne dàll, dee. Naka lañu
xool lu yàgg ba gis ne dara jotu ko, ñu
xalaataat, daldi ne Póol yàlla la.
7 Ca wetu tefes googee nu teere nag, fa la
toolub kilifag dun ba féete woon, ñu di ko
wax Publiyus. Mu dalal nu, ganale nu
ngan gu neex diiru ñetti fan.
8 Fekk na baayu Publiyus a nga tëdd
ndax tàngooru yaram ak biiru taññ. Ci biir
loolu Póol dem seeti ko, ñaanal ko, teg ko ay
loxoom, mu wér.
9 Ba loolu amee jarag ya ca dun ba dikk,
daldi wér ñoom itam.
10 Teraanga yu bare terale nañu nu ko
fa, te ba nuy dem, jox nañu nu la nu soxla.

## *Àgg nanu Room*

11 Gannaaw ba nu fa amee ñetti weer
lanu dugg gaal gu lollikoo woon ca dun ba.
Gaal gaa nga bàyyikoo woon Alegsàndiri, di
xàmmikoo jëmmi tuur ya ñuy wax Kastor ak
Polugsë*. Nu daldi tàbbiwaat biir géej.
12 Nu teeri dëkk ba ñuy wax Sirakus,
toog fa ñetti fan.
13 Nu jóge fa, leru tefes ga, ba agsi
Resiyo. Ca ëllëg sa ngelawal bëj-saalum jóg,
nu daldi àgg teerub Pusol ci ñaari fan.
14 Gis nanu fa ay bokki gëmkat, ñu ñaan
nu, ba nu toog fa ñoom juróom ñaari fan.
Gannaaw loolu nu dem Room.
15 Ba bokki gëmkati Room yégee ne nu
ngi dikk, ñoo nu gatandusi ba fa ñuy wax
péncum Apiyus ak fa ñuy wax Ñetti Dalu
Gan ya. Ba leen Póol gisee, daa sant Yàlla,
daldi gëna sawar.
16 Ba nu dikkee Room nag may nañu
Póol, mu am daluwaayu boppam, ab
takk-der di ko wattu.

## *Póol waare na ca Room*

17 Ñu teg ca ñetti fa, mu woolu njiiti
Yawuti dëkk ba. Ba ñu dajee, mu ne leen:
«Bokk yi, man defuma dara lu dëngook
sunuw xeet mbaa sunu aaday maam.
Teewul ñu jàppe ma fa Yerusalem, teg ma
ci loxoy waa Room.
18 Ñooñu seet sama mbir, gisuñu ci man
tuuma ju yelloo àtteb dee, ñu nar maa
bàyyi.
19 Ba Yawut ya bañee nag, amatuma
pexe mu dul dénk sama mbir Sesaar,
doonte du lenn lu may toppe samaw xeet.
20 Mbir moomu nag moo tax ma woolu
leen, ngir giseek yeen, diisook yeen, ndax
yaakaaru bànni Israayil moo waral sama
jéng yii.»
21 Ñu ne ko: «Nun de, du benn bataaxal
bu nu jot bu jóge Yude ci sa mbir, te du
kenn ci bokk yi, ku dikk wax mbaa mu
seedeel la lenn lu bon.
22 Waaye bëgg nanoo dégg ci sa gémmiñu
bopp li nga gëm, ndax li nu xam daal
mooy, ngér moomu nga bokk, fu nekk
lañu koy diiŋate.»
23 Ci kaw loolu ñu jox ko bés, bés ba dikk,
ñu bare dikk, fekksi ko ca daluwaayam.
Suba ba ngoon mu di leen jàngal, di leen
seedeel lu jëm ci nguurug Yàlla, di leen
won ci mbirum Yeesu, firnde yu leen

* **28.11** ***Kastor ak Polugsë:*** ñoo doon seexi Sës, yàllay Gereg yi. Ñoom lañu gëm ne ñoo daan musal waa géej.

gëmloo te tukkee ci yoonu Musaa ak ci
yonent yi.
24 Ñenn ña nag gëm la mu wax, ña ca des
weddi.
25 Ba ñu werantee ca seen biir, bay dem
te juboowuñu, Póol teg ca ne leen: «Noo gu
Sell gee yeyoon wax lii seeni maam,
Yonent Yàlla Esayi jottali.
26 Mu ne:
“Demal ci xeet wii, nga ne leen:
‘Yeenay dégloo déglu, dungeen dégg;
ngeen xoolee xoole, dungeen gis.’
27 Xolu xeet wee dërkiis,
seeni nopp fatt,
ñu gëmm fatuus,
ngir seeni gët du gis,
seeni nopp du dégg,
seen xol it du yég, ba ñu dëpp,
ma wéral leen†.”
28-29 «Xamleen nag ne xibaaru mucc gii
tukkee fa Yàlla, yóbbante nañu ko ñi dul
Yawut, te ñoom dinañu ko déglu.»
30 Diiru ñaari at la Póol dal Room ci kërug
boppam gu muy fey, di fa àggale mboolem
ña koy seetsi.
31 Muy yégle nguurug Yàlla, di jàngale
mbirum Sang Yeesu Almasi bi ci teeyug
bakkanam te amul benn gàllankoor.

† **28.27** Seetal ci *Esayi* 6.9-10.

# Bataaxal bi Póol bind waa Room

Ñeenti téere yii: *Macë*, *Màrk*, *Luug* ak *Yowaan*, ñoo nettali dundug Yeesu ak deewam ak ndekkiteem. Juróomeelu téere bi, di *Jëf ya*, di nettali ci yokkutey taalibeem yi. Gannaaw loolu, ay njiiti mboolooy ñi gëm ñoo bind taalibe yi, ngir ñaax leen, ñu topp seen ngëm ci ni mu gëna dëggoo. Fukk ak ñett ci bataaxal yooyu, Póol moo ko bind.

Póol nag yoon wi Yàlla wàcce ci Yonent Yàlla Musaa la topp. Dafa njëkkoona foog ne Yeesu diiŋatkat la woon, ba tax mu fitnaal taalibey Yeesu yi. Waaye gannaaw bi ko Yeesu feeñoo, mu topp ko, di tukki fépp ngir tasaare xibaaru jàmm bi.

Gannaaw ñetteelu tukkeem ba, ca Korent la binde bataaxal bii, jagleel ko gëmkat ya ca Room. Demagul nag Room. Ci biir gëmkat ya dëkk Room, am na ca ñuy topp yoonu Musaa, ak ñu nekk ay yéefar laata ñuy tuub. Póol da leena bëggoona ñaax ngir ñu dund ci bennoo ak jàmm. Daf leena wax ne ñaari mbooloo yépp defuñu li Yàlla bëgg, ñoom ñépp dañoo réer. Yoonu Musaa wi Yawut yi di topp day wone lan mooy bàkkaar, waaye mayewul texe. Xelu yéefar yedd leen, waaye baña xalaat Yàlla gënal leen.

Póol wone na ne nekkinu ñaari mbooloo yooyu ci kanamu àtteb Yàlla may na Boroom bi mu jox leen wenn yoonu texe: mooy gëm Yeesu Almasi bi. Dafa dee ngir gàddu mbugalu bàkkaar yi. Texe, kenn manu koo am ci def lu baax waaye ci topp Almasi bi. Noonu amul wenn lay ngir ñuy wonewu walla ñuy xeeb benn doomu aadama. Almasi bee tax Yàlla sos mbooloom gëmkat yu nekk Yawut ak yu nekkul Yawut, ngir ñu booloo ak di dund ci bëggante.

Ci tënk:


1.1—3.20 Ñépp a tooñ Yàlla.
3.21—4.25 Yàlla ubbi na buntu mucc jaare ci ngëm gu ñu gëm Almasi bi.
5.1—8.39 Dund ci Almasi bi tënkuwul ci topp yoonu Musaa wi, waaye ci dooley Noowug Yàlla la nekk.
9.1—11.36 Yàlla am na mébét ngir Yawut yi ak ñi dul Yawut.
12.1—15.13 Nanu ànd booloo ci bëggante.
15.14—16.27 Póol wone na ay mébétam te nuyoo na.


### *Ubbite gi*

1 Ci man Póol miy jaamub Almasi Yeesu
la bataaxal bii bawoo, man miy ndawam
ci kaw woote bu ma tabb, sédd ma sasu
xamle xibaaru jàmm bu Yàlla.
2 Xibaaru jàmm boobu Yàlla dige woon
lu jiitu, te yóbbante ko ay yonentam ci
Mbind mu sell mi,
3 moo jëm ci Doomam ji soqikoo ci
askanu Daawuda, ci wàllu àddina.
4 Waaye ci wàllu Noo gu Sell gi, mooy ki
dogal ba tabb muy Doomu Yàlla ji jagoo
doole ndax ndekkiteem, te mooy sunu
Sang Yeesu Almasi bi.
5 Ci Almasi bi lanu jote aw yiwu doon ay
ndaw, ngir nit ñi déggal yoonu ngëm wi, ci
biir mboolem xeeti àddina, ngir aw turam.
6 Te yeen ñi ñu woo ci Yeesu Almasi bi
itam, ci ngeen bokk.
7 Bataaxal bi ñeel na mboolem yeen ña
fa Room, di ñu Yàlla sopp, woo leen, ngir
ngeen doon ñu sell. Aw yiw ak jàmm ñeel
na leen, bawoo fa Yàlla sunu Baay ak Sang
Yeesu Almasi bi.

### *Póol sant na Yàlla*

8 Ma doore sant sama Yàlla ci Yeesu
Almasi bi ngir yeen ñépp, ndax seen ngëm
siiw na ci àddina sépp.
9 Yàlla mi may jaamoo xol, ci ni may
siiwtaanee xibaaru jàmm bu Doomam,
moom seede na ne noppiwuma ci di leen
fàttaliku.
10 Xanaa di saxoo dagaan ci samay ñaan,
su ci Yàlla àndee, yoon wu jub wu ma mujj
dikke ba ci yeen.
11 Yàkkamti naa leena gis, ba jottali leen
mayug yiw gu bawoo ci Noo gu Sell gi,
ngir dooleel leen,
12 te loolu mooy ma bokk ak yeen lu
dëfal sama xol, dëfal leen, ci seen ngëm ak
sama gos.
13 Bokk yi, bëgguma ngeen umple ne ay
yooni yoon laa leen mébéta seetsi, ba
liggéey ci seen biir lu leen jariñ, ni ma ko

defale yeneen xeet; waaye ay gàllankoor a
ma téye ba tey jii.
14 Muy sama digg ak Gereg yu xay yi,
mbaa ñu xayadi ñi, ak ñi rafet xel, mbaa ñi
ñàkk xel, am na lu ma war ci ñoom ñépp.
15 Moo tax, yeen waa Room itam, ma
yàkkamti leena àggesi xibaaru jàmm bi.

### *Manooree ngi ci xibaaru jàmm bi*

16 Awma lu may rus ci xibaaru jàmm bi,
ndax kat mooy manoorey Yàlla jiy musal
képp ku ko gëm, dale ci Yawut bi, teg ci ki
dul Yawut.
17 Ci xibaaru jàmm bi lañu feeñal ni Yàlla
di baaxee nit ñi àtteb ñu jub, lépp aju ci
ngëm, ca ndoorte la, ba ca njeexital la.
Noonu la Mbind mi indee ne: «Ki ñu baaxe
njub ndax ngëmam mooy dund*.»

### *Nit ñépp a tooñ Yàlla*

18 Sànjum Yàlla fa asamaan lay dalee
feeñ, ba wàcc ci mboolem ngëmadi ak
njubadiy nit ñiy fatt ag dëgg ci biir ag
njubadi.
19 Ndaxam lees mana xam ci Yàlla, leer
na ci seen biir, nde Yàlla moo leen ko
leeralal.
20 Ndax kat, li gisuwul ci Yàlla, te di
manooreem gi dul jeex, ak jikko ji mu
wéetoo ndax li muy Yàlla, ba àddina sosoo
ba tey, xel man na koo ràññee ci ay
liggéeyam, te looloo leen taxa ñàkku lay.
21 Gannaaw ba ñu xamee Yàlla, taxul ñu
màggal ko ngir li muy Yàlla, taxul ñu delloo
ko njukkal, xanaa réer ci seen xalaati
neen, ba seen xel mu wayadi far tàbbi cig
lëndëm.
22 Xel mu rafet lañuy jaay ba mujj diy
dof.
23 Leeru Yàlla ji dul dee lañu weccee
jëmmu nit ki deewam dul jaas, ak picc, ak
boroom ñeenti tànk, ak ndëgmeent.
24 Moo tax Yàlla bërgël leen ak seen
xemmemtéef yu bon yi ci seen xol, ba ñu
sóobu ci jëflantey sobe juy teddadil seen
yarami bopp.
25 Ñoo weccee dëggu Yàlla aw fen, di
sujjóotal aka jaamu mbindeef, bàyyi
Bindkat bi yelloo cant ba fàww. Amiin.
26 Loolu moo tax Yàlla bërgël leen, bàyyi
leen ak seen bëgg-bëgg yu teddadi. Seeni
jigéen sax dëddu nañu jaxasoo gi leen
bindub juddu sédde, ba jublu ci lu woroo
ak seen bindub juddu.
27 Naka noonu, góor ñi it noppee jaxasoo
ak jigéen, ni leen ko bindub juddu sédde,
bay xabtaloo ci seen biir, seen bëgg-bëggi
bakkan yu tar; ay góor di séq ak seen
moroomi góor jëf ju gàccelu, ba tax leena
jot ci seen jëmmi bopp, seen añub réeraange.
28 Gannaaw ràññee Yàlla jaralu leen
dara, Yàlla it bërgël leen ak seen xel mu
doyadi, ba ñuy def jooju jëf ju jekkadi.
29 Dañoo dem ba fees ak gépp xeetu
njubadi akug mbon akug bëgge akug
coxor. Noyyeewuñu lu moy kiñaan ak
pexey bóome ak ŋaayoo akug njublaŋ ak jëf
ju sew. Ay jëwkat lañu it,
30 te di yàqkati der. Ñu bañ Yàlla lañu, ñu
reew, réy, di tëggu, ñu xareñ ci fexe lu bon,
te déggadil seeni waajur.
31 Amuñu xel, amuñu kóllëre, amuñu xol,
amuñu yërmande.
32 Moonte xam nañu xéll ne ñiy jëfe
noonu, Yàlla moo daganal àtteb dee ci
ñoom, te teewul ñu di ko jëfe, rax ci dolli di
farle ñi koy jëfe.

# 2

### *Yàlla mooy àtte*

1 Yaw nit kiy sikke nag, amoo aw lay,
ndax boo sikkee keneen, sa bopp nga sikk,
nde yaw miy sikke, jooju jëfin ngay jëfe.
2 Waaye wóor nanu ne àtteb Yàlla bi muy
añale ñiy jëfe jooju jëfin, dëgg lay dëppool.
3 Yaw nit kiy sikk ñiy jëfe yooyii, te di ko
def, ndax defe nga ne yaw ci sa bopp
dinga rëcc àtteb Yàlla?
4 Am dangay sofental mbaaxu Yàlla gu
réy akug jéllaleem akug muñam, ndax
ñàkka xam ne li Yàlla namm ci baaxe la,
moo di nga tuub?
5 Waaye sag dëgër bopp ak sa xol bu
tuubadi, ci ngay jóore sànjum Yàlla ci sa
kaw bopp, keroog bésub sànj ma, fa àtteb
Yàlla bu jub di feeñe.
6 Ca lay fey ku nekk ay jëfam.
7 Ñi saxoo di jéema def jëf ju baax, ngir di
ko sàkkoo ndam ak teraanga ak texe gu

* **1.17** Seetal ci *Abakug* 2.4.

sax, ñooñu, texe gu sax dàkk mooy doon
seenub añ.
8 Waaye ñi fétteeral ci seen sàkkuteefi
bopp, nanguwuñoo topp liy dëgg, xanaa ag
njubadi nag, ñooñu, am sànj ak mer mu ne
jippét mooy seen yool.
9 Njàqare ak musiba daal, mooy dal ci
kaw képp kuy def lu bon, te Yawut bi jiitu
ci, waaye ki dul Yawut it topp ci;
10 daraja ak teraanga ak jàmm nag moo
ñeel képp kuy def lu baax, te Yawut bi jiitu
ci, waaye ki dul Yawut it topp ci.
11 Ndax kat xejj ak seen amul fa Yàlla.
12 Mboolem ñi bàkkaar nag te fekku leen
ci yoonu Musaa, yoonu Musaa toppu leen,
waaye du leen teree sànku. Mboolem ñi
bàkkaar it, te mu fekk leen ci yoonu Musaa,
ci yoonu Musaa lees leen di daane.
13 Ndax kat du déglukati yoonu Musaa
lees di jox àtteb ñu jub fa kanam Yàlla,
waaye jëfkati yoonu Musaa mooy jot àtteb
ku jub.
14 Jàmbur ñi dul Yawut, te amuñu yoonu
Musaa, ndegam teewu leena topp bindub
juddu bay jëfe li yoonu Musaa laaj, dafa
fekk ñoom ci seen bopp, ñu aw seen yoonu
bopp, doonte amuñu yoonu Musaa.
15 Noonu lañu wérale ne jëf ji yoonu
Musaa santaane moo binde ci seenub xol,
ba seen yég-yégu xol seede loolu. Li koy
firndeel it di seen xel miy def léeg-léeg mu
sikk leen, léeg-léeg mu dëggal leen.
16 Te noonu lay deme kera bés ba Yàlla di
àtte mbiri kumpa yu nit ñi, ci saytub Yeesu
Almasi bi, ni ko sama xibaaru jàmm bi
indee.

### *Yoonu Musaa, na jariñ ki ko topp*

17 Ma dikk nag ci yaw miy wuyoo turu
Yawut, te yaakaar yoonu Musaa, boole ci
di sagoo Yàlla.
18 Yaa xam coobarey Yàlla, te yaa jànge ci
yoonu Musaa, ba xam li am solo dëgg.
19 Yaw mi mu wóor ne yaa di
wommatkatub gumba yi, te di leeru ñi ci
lëndëm gi,
20 yaay yar naataxóona yi, di jàngal
tuut-tànk yi, gannaaw wóor na la ne am
nga ci yoonu Musaa mboolem luy jëmmu
xam-xam ak lépp luy dëgg.
21 Kon yaw miy yare, ndax doo yar sa
bopp? Yaw miy waare, di aaye sàcc, mbaa
doo sàcc? Yaw miy aaye njaaloo, mbaa
doo njaaloo?
22 Yaw mi bañ bokkaale, mbaa doo
sëxëtoo jaamookaayi bokkaalekat yi?
23 Yaa ngi sagoo yoonu Musaa te di ko
moy bay teddadil Yàlla!
24 Yeen de yeena tax ñuy ñàkke teggin
turu Yàlla ci biir xeeti jàmbur yi dul Yawut,
te noonu la ko Mbind mi indee.

### *Xaraf, na jariñ boroom*

25 Aaday xaraf nag amal na la njariñ,
ndegam sàmm nga yoon wi ko digle.
Waaye soo dee moykatub yoon wi, sag
xaraf, ñàkka xaraf lay doon.
26 Kon kay ki xaraful, tey jëfe njub gi
yoonu Musaa santaane, ñàkka xarafam,
ndax deesu ko ko waññal ag xaraf?
27 Ki xaraful ciw yaramam, te teewu koo
sàmm yoonu Musaa, moo lay teg ab daan,
yaw mi boole mbindum yoonu Musaa ak
sag xaraf, te teewu la di moykatub yoon
wi.
28 Ab Yawut, du ci melo wuy feeñ lees
koy nekke, te xaraf it du ci màndarga muy
feeñ ciw yaram.
29 Waaye ab Yawut dëgg, kumpag biir
xol la koy nekke, xaraf it mbirum xol la; ci
xel mi lay sottee, waaye du ci mbindum
yoon. Ngërëm la it du ci nit lay jóge, waaye
ci Yàlla la jóge.

## 3

### *Lu jëm ci jagley Yawut yi*

1 Kon nag ana lu ab Yawut rawe ci nit ñi?
Ak luy njariñal xaraf?
2 Xanaa lu bare, ci wet gu nekk. Li ci
jiitu moo di ñoom lañu dénk kàdduy Yàlla.
3 Su ci ñennat ñàkkee kóllëre, ndax
seenug ñàkk kóllëre day fanq kóllëreg Yàlla?
4 Mukk kay! Fàww Yàlla wéye di ku
dëggu, te ñépp di ay fen-kat, te noonu la
Mbind mi indee ne:
«Soo waxee, am dëgg,
te soo àttee, yey*.»
5 Waaye su sunug njubadi fésalee
njubteg Yàlla, ana lu loolu mana tekki ci
nun? Ma waxe ko nu ko nit mana dégge;

* **3.4** Seetal ci *Taalifi cant* 51.6.

ma ne, kon bu nu Yàlla wàcceelee am
sànjam, ndax deful ag njubadeem?
6 Mukk kay! Su njubteg Yàlla matul
woon, ana nu muy àttee àddina?
7 Mbaa ñu neeti: «Su fekkee ne dëggug
Yàlla, sama ñàkka dëggu lay gëna kaweel, te
loolu di wone màggaayam, kon man, ana
lees may joxe àtteb bàkkaarkat?»
8 Ana kon lu tee nit waxe noonee nu
soskat yi tuumaale ne nooy wax naan:
«Nanu def lu bon, ngir mu jur lu baax»?
Ñooñu mbugal lañu yelloo.

## Kenn jubul

9 Ana kon nun Yawut yi, lu nu gëne ci nit
ñi? Du ci lenn! Ndax firndeel nanu ba
noppi ne, muy Yawut bi, di ki dul Yawut,
ñépp a ngi ci kilifteefu bàkkaar.
10 Noonu it la Mbind mi indee ne:
«Kenn jubul, du kenn sax.
11 Kenn xeluwul,
kenn wutul Yàlla.
12 Ñépp a lajj, bokk yàqu yaxeet,
Kenn deful lu baax, du kenn sax†!
13 Seenug bóli di bàmmeel bu ne ŋàpp,
seen làmmiñ di ràbb njublaŋ,
seeni kàddu aay ni daŋaru ñàngóor‡.
14 Seen gémmiñ, waxi móolu ak wextan la
feese§,
15 seeni tànk bar ci yoonu tuur deretu
jàmbur,
16 te fu ñu jaar, yàqute la ak njaaxum.
17 Yoonu jàmm, xamuñu ko*,
18 te ag ragal Yàlla jegewu leen†.»
19 Xam nanu nag ne lépp lu yoonu
Musaa wax, ñi ci yoonu Musaa la ko wax,
ngir aw lay jeex tàkk, ngir itam mu leer
nàññ ne àddina sépp a sikk fi kanam Yàlla.
20 Ndax kat deesul baaxe kenn àtteb ku
jub fa kanam Yàlla ndax jëf ju mu def, ngir
sàmm yoonu Musaa; solos yoon wi daal,
mooy ci lees di ràññee bu baax luy bàkkaar.

## Yàlla ubbi na buntu mucc

21 Waaye léegi Yàlla moo feeñal nu nit di
ame fa kanamam àtteb njubam gu ajuwul
ci yoonu Musaa. Te yoonu Musaa ak
yonent yi seede nañu loolu.
22 Googu njub fa kanam Yàlla nag, ci gëm
Yeesu Almasi bi lees koy ame, te mboolem
ñi ko gëm la ñeel, amul xejj ak seen.
23 Ndax kat ñépp a bàkkaar, ba jotewuñu
leeru Yàlla,
24 te ci yiwu Yàlla wu àndul ak genn pey
lees di baaxe ñépp àtteb ñu jub, ndax njot
gi sottee ci Almasi Yeesu.
25 Moom la Yàlla tudd muy njot gu ngëm
di maye, ci kaw deretam ji tuuru. Noonu
la Yàlla firndeele ne njubteem mat na sëkk
doonte tanqamlu woon na bàkkaari niti
jamono ya woon,
26 ndax Yàlla ci biir ag jéllaleem la
firndeel njubteem ci janti tey jii, ngir mu
leer ne moo wéye njub, te képp ku gëm
Yeesu, moo koy baaxe àtteb ku jub.
27 Kon ana lees di bàkkoo? Dara! Ci lan
lañu koy teg sax? Ci jëf ju yoon santaane?
Mukk! Xanaa yoonu ngëm doŋŋ.
28 Ndax jàpp nanu ne ci kaw ngëm lees
di baaxe nit àtteb ku jub, waaye du ci jëfam
ju yoon santaane.
29 Am Yàlla da di Yàllay Yawut yi doŋŋ?
Walla da dul Yàllay jàmbur yi dul Yawut
itam? Ahakay, mooy Yàllay jàmbur ña itam
kay!
30 Gannaaw Yàlla kenn la, mooy baaxe ñi
xaraf àtteb ñu jub ci kaw ngëm; ñi xaraful
it, moo leen di baaxe àtteb ñu jub ci kaw
ngëm.
31 Ndax loolu day tekki ne ngëm lanu jël,
neenale ko yoonu Musaa? Mukk! Xanaa
dañu koo dëggal kay.

# 4

## Njubteg Ibraayma du ci jëfam

1 Ibraayma sunu maam ci wàllu askan
nag, ana lu nuy wax ne moom la gis ci
moomu mbir?
2 Bu fekkoon ne Ibraayma, ci kawi jëfam
lees ko jox àtteb ku jub, kon mu man koo
damoo, waaye demewul noonu fa Yàlla.
3 Ana lu ci Mbind mi wax? Da ne:
«Ibraayma moo gëm Yàlla, Yàlla nangul ko
ngëmam, muy àtteb njub bu ñu ko limal*.»
4 Kuy liggéey, ag peyooram du taxawe ag
may, waaye wartéef la.

† **3.12** Seetal ci *Taalifi cant* 14.1-3; 53.4. ‡ **3.13** Seetal ci *Taalifi cant* 5.10; 140.4. § **3.14** Seetal ci *Taalifi cant* 10.7.
* **3.17** Seetal ci *Esayi* 59.7-8. † **3.18** Seetal ci *Taalifi cant* 36.2. * **4.3** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.6.

5 Waaye ki jëful te gëm Yàlla miy baaxe
ab yéefar sax àtteb ku jub, ngëmam googu,
ag njub lees ko koy limal.
6 Ci moomu mbir la Daawuda doon wax,
ba muy biral mbégtem nit ku Yàlla limal ag
njub gu jotewul dara ak ay jëfam.
7 Mu ne:
«Ndokkalee yeen ñi ñu baal seeni moy,
jéggal leeni bàkkaar.
8 Ndokkalee yaw mi Boroom bi toppul say
tooñ†.»
9 Moomu mbégte xanaa Yawut yiy xaraf
doŋŋ la ñeel? Ñi xaraful it ndax dañu cee
bokkul? Ndax kat danu ne Ibraayma la
Yàlla nangul ngëmam, muy àtteb njub bu
ñu ko limal‡.
10 Nan lees ko ko limale? Gannaaw ba
mu xarafee, am ba mu xarafagul? Du
gannaaw ba mu xarafee, waaye ba mu
xarafagul la.
11 Gannaaw gi la jagoo màndargam xaraf,
mu firndeel àtteb njubam gi ngëmam
waral, te fekkul mu xaraf. Noonu la
Ibraayma mana nekke maamu mboolem
gëmkat ñi. Looloo tax muy maamu
mboolem ñi xaraful, te gëm, ndax ñu limal
leen seen ngëm ab àtteb ñu jub.
12 Looloo tax it Ibraayma di maamu ñi
xaraf, te du xaraf gu ñu toppe aada, xanaa
ñu boole ca topp ci tànki ngëm ga sunu
maam Ibraayma amoon ba mu xarafagul.

### *Ibraayma gëmoon na digeb Yàlla*

13 Ndax kat digeb Ibraayma ba sédde
Ibraayma àddina si, moom ak askanam§,
sàmm gu mu sàmm yoonu Musaa taxul,
waaye àtteb njub bi ko ngëmam may, moo
ko waral.
14 Nde su dee ñi ci yoonu Musaa la dige
bi ñeel, kon ngëm dootul tekki dara, te kon
digeb Yàlla ba day neen.
15 Yoonu Musaa daal, am sànj lay jur, te
fu yoon wees di sàmm amul, genn moy
amu fa.
16 Kon nag digeb Yàlla boobu, ngëm moo
ko waral, ngir mu di aw yiw doŋŋ. Noonu
la dige bi doone lu wóor, ñeel ñi soqikoo ci
Ibraayma ñépp; du ñi bokk ci yoonu
Musaa rekk, waaye ñeel na itam ñi bokk ci
ngëmu Ibraayma, miy sunu maam, nun
ñépp.
17 Noonu la Mbind mi indee ne: «Maa la
def ngay maamu xeet yu bare*.»
Ibraayma mooy sunu maam fi kanam ki
mu gëm, te muy Yàlla miy delloo ñi dee
bakkan, tey woo lu nekkul, mu doon lu
nekk.
18 Ba bunti yaakaar yépp tëjee, Ibraayma
moo dese woon yaakaaram, wéye
ngëmam, ba doon maamu xeet yu bare,
loolu dëppook kàddu ga noon: «Noonu la
saw askan di tollu†.»
19 Ngëmu Ibraayma wàññikuwul, doonte
ba mu xoolaatee boppam, xam na ne
yaramam dee na daanaka, ndax fekk na
ay atam xawa tollu ci téeméer, te
njurukaayu Saarata it fekk na ko dee.
20 Teewul digeb Yàlla ba la ne jàkk,
nàttablewul, gëmadiwul, xanaa dëgërloo
dooley ngëmam rekk, sant Yàlla.
21 Dafa wéroon Ibraayma péŋŋ ne li Yàlla
dige, man na koo def.
22 Moo tax it, Yàlla nangul ko ngëmam,
muy àtteb njub bu ñu ko limal.
23 Ba ñu bindee ne ngëmu Ibraayma,
moom lees ko nangul, muy àtteb njub bu
ñu ko limal‡, du Ibraayma doŋŋ la mbind
ma ñeel.
24 Nun itam ci lanu; dees na nu limal
sunu ngëm, àtteb ñu jub, nun ñi gëm ki
dekkal sunu Sang Yeesu
25 mi ñu teg ciy loxo, mu dee ndax sunuy
tooñ, ba dekkal ko, ngir nu ame ci àtteb nit
ñu jub.

# 5

### *Almasi bi moo nu jubale ak Yàlla*

1 Gannaaw nag dees noo baaxe àtteb ñu
jub ci kaw ngëm, jàmmoo nanu ak Yàlla
ndax sunu Sang Yeesu Almasi bi.
2 Ci ndimbalam lanu ame ngëm ba
mana àgg fi yiwu Yàlla wii nu taxaw
taxawaay bu dëgër. Te it sunub sag moo di
yaakaar ji nuy séentoo ab cér ci leeru Yàlla.
3 Te yemunu ci, xanaa di sagoo sunuy
tiis itam, nde xam nanu ne dékku aw tiis
mooy taxa muñ;

---

† **4.8** Seetal ci *Taalifi cant* 32.1-2. ‡ **4.9** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.6. § **4.13** Seetal ci *Njàlbéen ga* 12.1-3; 17.5. * **4.17** Seetal ci *Njàlbéen ga* 17.5. † **4.18** Seetal ci *Njàlbéen ga* 17.5. ‡ **4.23** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.6.

4 te muñ mooy jur kóllërey biir coono;
kóllërey biir coono mooy jur yaakaar.
5 Te yaakaar jooju du tas, ndax cofeelu
Yàlla gi baawaan ci sunu xol, ci ndimbalal
Noo gu Sell gi mu nu may.

6 Ndax kat, ba nu amul menn pexem
mucc, ca waxtu wa gën, la Almasi bi
deewal yéefar yi.
7 Barewul ku nangoo dee ngir nit ku jub,
doonte jombul mu am ku nangoo dee ngir
ku baax.
8 Waaye Yàlla moom, ni mu firndeele
cofeelam ci nun, moo di, ba nu doon ay
bàkkaarkat, ca la Almasi bi deewe ngir nun!
9 Gannaaw baaxees nañu nu àtteb ñu jub
ndax deretam ji tuuru nag, ñaata yoon lees
nuy gënatee musal ci am sànj ndax moom?
10 Ndegam ba ñu dee ay bañaaley Yàlla
lees nu jubalee deewug Doomam, ñaata
yoon lees nuy gënatee musale ag dundam,
gannaaw ba ñu nu jubalee ak Yàlla?
11 Te yemunu ci, xanaa di sagoo Yàlla
itam ndax sunu Boroom Yeesu Almasi bi
nu jubale ak moom.

### *Aadamaa nu xañ bakkan, Yeesu delloo nu ko*

12 Bàkkaar moo jaare ci kenn nit dugg ci
àddina*, dee jaare ci bàkkaar, dikk, ba
dikkal ñépp, ndax ñépp a bàkkaar.
13 Bàkkaar a ngi woon ci àddina ba ca
jamonoy yoonu Musaa, waaye deesul
limaale bàkkaar te aw yoon amul.
14 Teewul la dale ca Aadama ba ca
Musaa, ci kaw àddina sépp la dee doon
nguuru, ba ci kaw ñi bàkkaarul noonee
Aadama xëtte woon ndigal. Aadama mooy
takkndeeru ki doon dikk.
15 Waaye ni moyug Aadama deme, yiwu
Yàlla demewu ni. Moyug kenn nit,
Aadama, tax na ñu bare dee; waaye yiwu
Yàlla ak mayug yiw gu kenn nit, Yeesu
Almasi bi, ñaata yoon la gënatee baawaan,
ñeel nit ñu bare?
16 Ni njeexitalu tooñu kenn nit deme, laa
ne, mayu Yàlla demewu ni. Benn bàkkaar
moo waral àtte bi indi mbugal. Waaye
moy yu bare moo waral may gi teggi
tuuma.
17 Moyug kenn nit ki, ci la dee jaare ci
kenn nit kooku, ba falu. Kon ñi jot ci
xéewalu yiw, ba am ci àtteb njub, ñaata
yoon lañuy gënatee falu ci biir dund gu ñu
ame ci keneen nit kiy Yeesu Almasi bi?
18 Kon nag noonee moyug kenn jure
mbugalu nit ñépp daal, noonu la jenn jëfu
njekk† jurale ñépp dundin wu yees ci kaw
àtteb njub bu leen jenn jëf ja may.
19 Noonee déggadig kenn nit taxe ñu bare
doon ay bàkkaarkat, noonu it la déggug
ndigalu kenn nit taxe ñu baaxe ñu bare
àtteb nit ñu jub.
20 Yoonu Musaa moo dikk ngir fésal
barewaayu moy, waaye fu bàkkaar bare,
aw yiw gën faa bareeti,
21 ba tax na, noonee bàkkaar doone
woon buur, ndax dee gi mu yilife ñépp, ni
la aw yiw wuutoo, di buur moom itam,
ndax àtteb njub gi aw yiw jural nit ñi, ba
jëme leen ci texe gu sax dàkk, ci sunu
ndimbalal Boroom Yeesu Almasi bi.

# 6

### *Bàkkaar yilifatul gëmkatub Yeesu*

1 Ana lu loolu di tekki nag? Ndax kon
danuy wéye bàkkaar, ngir yiwu Yàlla gëna
yokku?
2 Mukk kay! Nun ñi dee tàggale ak
bàkkaar ba noppi, ana nu nuy saxootee
bàkkaar?
3 Dangeena umple ne mboolem nun ñi
ñu sóob ci Yeesu Almasi bi, cig deewam
lañu nu sóobaale?
4 Ci sóobu googu lañu nu boole ak moom
suul, ngir noonee Almasi bi dekkee ci
màggug Baay bi, nun itam nu dekki bay
dund dundin wu yees.
5 Gannaaw dees noo bennale ak moom
ci dee gu ñu nirule ak deewam, dees nuy
bennale itam ak moom ci ndekkite lu niru
ndekkiteem.
6 Li nu bir moo di nun ña woon démb, ca
bantub Yeesu ba lees nu daajaale, ngir
xewwil sunu yaramu bàkkaar, ba nu
noppee doon ay jaam, bàkkaar di sunub
sang.
7 Ndax ki dee ba noppi, baaxees na ko
àtteb ku jub, mu tàggook nooteelu bàkkaar.

* **5.12** Seetal ci *Njàlbéen ga* 3.17-24. † **5.18** ***jenn jëfu njekk*** mooy li Yeesu tuur deretam ngir gàddu mbugalu bépp bàkkaarkat. Seetal ci 3.25.

8 Gannaaw noo deewandoo ak Almasi bi nag, gëm nanu ne nooy dundandoo ak moom.
9 Ndax kat xam nanu ne Almasi bii dekki te dootul dee, te dee manalatu ko dara.
10 Deewam ga mu dee, dee na benn yoon ba fàww, ba tax bàkkaar amatul benn kilifteef, te dund gi muy dund tey, Yàlla la koy dundal.

11 Naka noonu, yeen itam jàppeleen seen bopp nit ñu dee ba dootuleen nangooti kilifteefu bàkkaar, xanaa di dund ngir Yàlla, ndax seen bokk ci Yeesu Almasi bi.
12 Kon nag bu bàkkaar yilif seen yaramu dee wii, ba di leen nanguloo ay xemmemtéefam yu bon.
13 Buleen jébbal seeni cér bàkkaar, mu def leen jumtukaayi njubadi; gannaaw yeena dekki bay dundaat, jébballeen Yàlla seen bopp te jébbal ko seeni cér, ngir def leen ay jumtukaayi njub.
14 Ndax kat bàkkaar yilifatu leen, nde du ci kilifteefu yoonu Musaa ngeen nekk, waaye ci aw yiw ngeen tàbbi.

*Ku gëm Yeesu, ag njub ngay surgawu*

15 Ba ci lan boog? Ndax kon danuy bàkkaar, gannaaw du ci kilifteefu yoonu Musaa lanu nekk, waaye ci aw yiw lanu tàbbi? Déet kay!
16 Xanaa xamuleen ne képp koo jébbal sa bopp, nangul ko, ab jaamam nga? Yaar ngeen diy jaam, bàkkaar di seen sang, jëme leen ci dee; mbaa ngeen déggal Yàlla, mu baaxe leen àtteb ñu jub.
17 Waaye cant ñeel na Yàlla, nde ay jaami bàkkaar ngeen woon, waaye gannaaw gi, seenub xol ngeen déggale misaalub àlluwa ji ngeen di ndénkaaneem.
18 Noonu lees leen yiwee, tàggale leen ak nooteelu bàkkaar, ngeen doon ay surgay njub.

19 Ni ko nit mana dégge rekk, ni laa leen woyofalale kàddu gii, ndax seen néew dooley nitu neen. Noonee ngeen jébbale woon seeni cér, def leen ñuy jaami sobe ak ndëngte gu jur ndëngte, noonu ngeen wara jébbale seeni cér, def leen ñuy jaami njub gu jur cellte.
20 Ba ngeen dee jaami bàkkaar, teewuleen woona moom seen bopp, ci seen digganteek njub.
21 Seen jëfi démb ja leen gàcceel tey, ana njariñ lu mu leen jural? Mujug jëf ja de, seenug dee la doon doon.
22 Waaye tey bi ñu leen yiwee, ba ngeen doon ay surgay Yàlla, ag cellte la leen loolu jural, te muj ga di texe gu sax dàkk.
23 Ndaxte peyooru bàkkaar mooy dee, waaye yiw wi Yàlla di maye mooy texe gu sax dàkk fi Almasi Yeesu, sunu Boroom.

# 7

*Yoonu Musaa wàcc na gëmkatub Almasi bi*

1 Am, bokk yi, yeen ñi xam yoon wi laay waxal, dangeena umple ne yoon yiliful nit ki lu moy ci giiru dundam?
2 Dafa mel ni ndaw suy séy; li feek jëkkëram di dund, yoon a yeew buumu jëkkëram ci baatam. Waaye su jëkkër ji deewee, ndaw si teqalikoo na ak yoon wi ko yeewe woon buumu jëkkëram.
3 Kon nag, li feek jëkkëru ndaw si di dund, su séyee ak geneen góor, ab njaalookat lees koy wax. Su jëkkër ji deewee nag, yoon yiwi na ndaw si, te su séyee ak keneen, du doon njaaloo.
4 Noonu la deme ak yeen itam, bokk yi. Yaramu Almasi wi ngeen bennool, ci ngeen doone ñu dee ba nangootunu kilifteefu yoonu Musaa. Noonu ngeen doone moomeelu keneen, te kooku mooy ki dekki, ngir nu meññ njariñ lu ñeel Yàlla.
5 Ba nu toppee sunu bakkan, sunu bëgg-bëgg yu bon yi ndigali yoonu Musaa yee, ñoo daan liggéey ci sunuy cér, ngir nu meññ lu nu jëme ci dee.
6 Waaye tey ci sunu digganteek yoon wi nu tënku woon, dee nanu, ba teqalikoo ak yoon woowu. Moo tax nu doon ay jaam yu tegoo kilifteef gu yees gi Noo gu Sell gi indi, gannaaw ba nu wàccoo ak kilifteefu mbindu yoonu Musaa ma woon.

*Yoonu Musaa moo wone ne bàkkaar moo yées*

7 Ana lu loolu di tekki? Xanaa kon yoonu Musaa bàkkaar la? Mukk kay! Waaye yoonu Musaa moo ma xamal luy bàkkaar. Ndax kat su dul woon ak yoon wi

ne: «Bul xemmem yëfi jàmbur*,» kon
xemmemtéef sax duma xam lu mu doon.
8 Waaye bàkkaar moo jaare ci buntub
ndigalu yoon, ba yee ci man mboolemi
xemmemtéef yu bon. Ndax kat, su yoonu
Musaa amul woon, bàkkaar di lu dee.
9 Man de, bu njëkkoon, ba ma xamagul
yoonu Musaa, teewul woon may dund.
Waaye ba yoonu Musaa dikkee, ca la
bàkkaar ne xiféet, di dund,
10 man nag, ma dee. Kon ndigalu yoon
wi wara jëme ci ag dund, moom ci boppam
moo ma mujj jëme ci dee.
11 Bàkkaar moo ma jekkoo ndigalu yoon,
ba nax ma, te ndigalu yoon la ma reye it.
12 Kon yoonu Musaa lu sell la, ndigalam
di lu sell te jub te baax.
13 Lu baax loolu di yoonu Musaa, xanaa
kon moo ma taxa dee? Déet kay! Bàkkaar
moo feeñale noonu meloom; moo
jëfandikoo lu baax, ba rey ma, ngir ndigalu
yoon di jumtukaay bu bàkkaar fésale gépp
mbonam gu jéggi dayo.

## *Ab gëmkat namm na lu mu tëlee jëfe*

14 Xam nanu ne yoonu Musaa ci Yàlla la
bokk, te man may nitu suuxu neen, dib
jaam bu ñu jaay bàkkaar, muy sama sang.
15 Xawma sax lu waral may jëfe ni may
jëfe; li ma namm, du loolu laay jëfe, waaye
li ma bañ, moom laay jëfe.
16 Gannaaw li ma bëggul, moom laay def
nag, juboo naa ak yoonu Musaa ci dëggal
ne yoonu Musaa baax na.
17 Kon nag dootul man maay jëfe noonu,
waaye dooley bàkkaar bi ci man la.
18 Xam naa ne man, sama bindu suuxu
neen wii, lenn lu baax dëkku ci. Yéene jaa
ngeek man, kàttanu jëfe lu baax moo fi
nekkul.
19 Ndax kat du lu baax li ma namma jëfe
laay jëfe, waaye lu bon li ma nammul,
moom laay jëfe.
20 Te su dee li ma nammul, moom laay
def, kon kay dootul man maa koy def,
waaye dooley bàkkaar bi dëkk ci man moo
koy def.
21 Takk bi ma ci def daal mooy lii: bu ma
nammee def lu baax, lu bon a may
teewalsi.
22 Ndaxam ci sama biir xol, yoonu Yàllaa
ma neex.
23 Waaye gis naa ci samay cér, weneen
yoon wuy xeex ak yoon wi samam xel
jubool, te yoon woowoo ma jàpp njaam,
jébbal ma dooley bàkkaar bi dëkke samay
cér.
24 Céy maaka réy aw tiis! Ana ku may
wallook sama yaramu dee wii?
25 Waaye cant ñeel na Yàlla mi nuy
walloo jëmmu Yeesu Almasi bi, sunu Sang.
Kon daal man, ci sama bopp, ci sama
wàllu xel, yoonu Yàlla laay surgawu,
waaye ci sama wàllu yaramu suux wii,
yoonu bàkkaar laay surgawu.

# 8

## *Noowug Yàlla moo jiite gëmkat bi*

1 Kon nag léegi, amul benn daan bu ñeel
ñi bokk ci Almasi Yeesu.
2 Ndax kat, yoonu Noo gu Sell giy maye
bakkan te nekk ci Almasi Yeesu moo la
yiwi, ba nga mucc ci yoonu bàkkaar ak dee.
3 Li yoonu Musaa tële woon ndax néew
dooley nitu suuxu neen, mooy lii Yàlla def:
Doomam la yónni, mu dikke melow nit, te
nit di bàkkaarkat, di suuxu neen, ngir
Doomam fajtal mbirum bàkkaar. Yaramu
suux wu nit kooku la Yàlla sottale mbugal
mi war ci bàkkaar,
4 ngir njub gi yoonu Musaa laaj mana
sotti ba mat sëkk ci nun, ñi toppatul sunu
bindu suux, xanaa Noowug Yàlla.
5 Ndax kat ñi topp seen bindu suux,
mbiri bakkan doŋŋ lañu xinte, waaye ñi
topp Noowug Yàlla ñoom, mbiri Noowug
Yàlla mooy seen xinte.
6 Xintey bakkan nag ci dee lay jëme,
waaye xintey Noowug Yàlla dund ak jàmm
lay jur.
7 Ndaxte boroom xintey bakkan ab
noonu Yàlla la, nde déggalul yoonu Yàlla, te
manu ko sax.
8 Moo tax ñi wéye seen bindu suuxu
neen duñu mana neex Yàlla.
9 Yeen nag nekkatuleen ci kilifteefu
bindu suuxu neen, waaye ci kilifteefu Noo
gu Sell gi ngeen nekk, ndegam kay
Noowug Yàllaa ngi sax ci yeen. Ku amul
Noowug Almasi bi, kooku du nitam.

* **7.7** Seetal ci *Mucc ga* 20.17.

10 Su Almasi bi nekkee ci yeen, seen
yaram dina dee moos ndax bàkkaar, waaye
du tee seenug noo di dund, ndax àtteb
njub bi ngeen am ba noppi.
11 Noowug ki dekkal Yeesu moo sax ci
yeen. Kon nag ki dekkal Almasi bi mooy
dekkal itam seen yaram wu jëm ci dee,
ndax Noowam googu sax ci yeen.
12 Kon nag bokk yi, bor topp na nu,
waaye du sunu bindu suux lanu ameel
lenn lu nu taxa topp sunu bakkan.
13 Ku topp bakkanam, fàww mu dee,
waaye ku rey jëfi yaramam ci ndimbalal
Noowug Yàlla, dina texe.
14 Ndax kat, mboolem ñiy dox ci njiital
Noo gi, ñooñu ay doomi Yàlla lañu.
15 Mayeesu leen noo gu leen di desloo
cig njaam, ba tax leena dellu cig ragal,
waaye Noowug doom yu ñu doomoo,
moom lees leen may, te looloo nu tax di
woowe Yàlla: «Abba*», mu tekki «Baay».
16 Te Noowug Yàlla, moom ci boppam,
moo mànkoo ak sunu noowug bopp, di
seede ne ay doomi Yàlla lanu.
17 Gannaaw ay doom lanu nag, ay
boroom cér lanu, ay boroom cér yu Yàlla
sédd, cér yu nu bokk ak Almasi bi,
gannaaw noo bokk ak moom ab coono
tey, ngir bokk ak moom teraangay ëllëg.

### *Teraangay ëllëg ñeel na gëmkat ñi*

18 Jàpp naa ne sunu coonob tey du dara,
soo ko xoolee ci teraanga ji ñu nuy feeñalal
ëllëg.
19 Càkkéefu àddinaa ngi séentu, ndax
yàkkamti bés ba doomi Yàlla di feeñ.
20 Ndax kat, càkkéef gépp, li ñuy déggal
neenug neen la, te du seen coobare, waaye
ki leen ci tënk la neex, ba tax ñuy yaakaar,
21 ñoom ñi bokk ci càkkéef googu itam, ne
dees na rengi seen buumi njaam gi leen
dee ak yàqutey yaram ràng, ngir ñu am cér
ci goreelug doomi Yàlla yi, am cér ci seen
teraanga.
22 Xam nanu ba fii nu tollu ne mboolem
càkkéef gaa ngi binni ndax mitit, ni kuy
matu.
23 Te du càkkéef gi rekk, waaye nun ci
sunu bopp itam, ci lanu, nun ñi jot ab
dawal ci Noo gu Sell gi, nun ci sunu bopp
sax nu ngi binni sunu biir xol, ndax
yàkkamtee jot céru doomi Yàlla, ba sunu
njotug yaram mat.
24 Ndax kat sunu mucc, yaakaar la
taxaweegum, te yaakaar joo teg sa bët,
dootul yaakaar. Li nit ki teg bëtam, nu mu
koy yaakaaratee?
25 Li nu gisul kay lanuy yaakaar, di ko
séentooka muñe yaakaar ji.
26 Te itam Noowug Yàlla moo nuy
dimbali ndax sunug néew doole, nde
xamunu sax li jaadoo sàkku ci sunuy ñaan,
waaye Noo gi moo nuy tinule ay onk yu
wees kàddug làmmiñ.
27 Te kiy xool li ci biir xol yi, xam na liy
xintey Noo gi, ndax ni ko Yàlla bëgge, ni la
Noo giy tinool ñu sell ñi.
28 Te itam nag xam nanu ne Yàlla mooy
def mboolem lu xew, daje ba jur njariñal
ñi sopp Yàlla, ñi mu woo, noonee ko ab
dogalam namme.
29 Ndax ñooñu Yàllaa leen ràññee woon
lu jiitu, te it la mu dogaloon lu jiitu ci ñoom
moo di ñu niru Doomam, ngir Doomam di
taaw ci biir rakk yu bare.
30 Ñi Yàlla tuddaloon loolu lu jiitu, moo
leen woo itam; ñooñu mu woo, moo leen
baaxe itam àtteb ñu jub; te ñooñu mu jox
àtteb ñu jub, moo leen darajaal itam.

### *Cofeelu Yàllaa ngi ci Almasi bi*

31 Ana lu nuy waxati nag? Gannaaw
Yàllaa ànd ak nun, ku nu manal dara?
32 Moom mi nu bañalul Doomu boppam,
xanaa joxeel nu ko, nun ñépp, ana nu mu
nuy baña baaxee gépp yiw, boole ci?
33 Ñi Yàlla tànn, ana ku leen di tuumaal?
Yàlla de moo leen àtte ni ñu jub.
34 Ana kuy tegeb daan? Almasi Yeesu de
moo dee, rax ci dolli, mu dekki, te moo
toog fa ndijooru Yàlla, di nu fa ñaanal!
35 Ana ku nuy tàggaleek cofeelu Almasi
bi? Du ay nattu, te du njàqare, du it coonoy
bunduxataal, mbaa ab xiif, mbaa rafle, te
du genn aayteef, ba cib saamar.
36 Noonu la Mbind mi indee ne:
«Yaa tax ñu yendu noo bóom,
dees noo jàppe ni xar yu ñuy tër†.»

* **8.15** ***Abba,*** baatu arameen la. † **8.36** Seetal ci *Taalifi cant* 44.23.

37 Waaye ci mboolem lu nu dikkal, nooy
am ndam lu mat sëkk, ci ndimbalal ki nuy
soppeem.
38 Ndax kat bir na ma ne du ag dee, du ag
dund, du ay malaaka, duy boroom nguur,
du tey, du ëllëg, duy boroom doole‡,
39 du lu kawe, du lu xóot, mbaa meneen
mbindeef mu mu doon; dara manu noo
tàggale ak cofeel gi nu Yàlla won ci Almasi
Yeesu sunu Sang.

# 9

## *Yàlla moo tànn bànni Israayil*

1 Dëgg laay wax, Almasi bi seede na ko,
fenuma. Sama xol moo ma seedeele Noo
gu Sell gi, ne lii may wax dëgg la:
2 li may wax moo di tiis wu réy laa am
ak naqaru xol wu dakkul,
3 nde man doon naa ñaana alku sax,
daggoo ak Almasi bi, ngir jàmmi sama
bokki xeet, sama bokki deret.
4 Ñooñoo di xeetu Israayil wi xéewloo
céru doon doomu Yàlla, Yàlla won na leen
jataayam ju yànj, fas ak ñoom kóllëre, jox
leen ndigali yoon wi ak doxalinu njaamu
Yàlla aki digeem;
5 ñoo soqikoo ci maam yu baax ya; ci
wàllu doom aadama it, ci ñoom la Almasi
bi soqikoo, di Yàlla, tiim lépp, te yelloo cant
ba fàww. Amiin.
6 Du caageenu kàddug Yàlla moo neen,
ndax ñi bokk ci xeetu Israayil ñépp duñu
Israayil tigi.
7 Te it sëti Ibraayma yépp bokkuñu ci
askanam, waaye li Mbind mi indi moo di:
«Ci Isaaxa lees di tudde saw askan*.»
8 Loolu di tekki ne du sëti Ibraayma yi ci
wàllu deret ñoo di doomi Yàlla, waaye
doom yi seenub juddu dëppoo ak digeb
Yàlla, ñoom lañu jàpp ne ñooy askanu
Ibraayma.
9 Ndax kat kàddug dige ba nii la jibe:
«Nëgëni sii déwén laay délsi, te Saarata
dina am doom ju góor†.»
10 Te yemul foofu rekk, waaye Rebeka it
moo am ay seex yu genn góor jur, muy
sunu maam Isaaxa.
11 Doom ya nag juddooguñu woon bay
def lenn lu baax, mbaa lu bon. Yàlla moo
defe noonu ngir wéyal dogal bu dëppoo ak
tànnéefu boppam
12 bu ajuwul ci kawi jëf, xanaa ci kiy
woote. Rebeka‡ la kàddu gii dikkal: «Mag ji
mooy surgawu rakk ji§.»
13 Noonu la Mbind mi indee ne:
«Yanqóoba laa sopp, te Esawu laa foñ*.»

## *Sànjum Yàlla rax na yërmande*

14 Ana lu nu ci mana wax nag? Ndax
Yàlla daa wàcc foofu yoon? Mukk kay!
15 Ndax kat moo noon Musaa:
«Maay yërëm ku ma neex,
te maay ñeewante ku ma neex†.»
16 Kon nag mbaaxug Yàlla ajuwul ci
coobarey nit ki, mbaa aw ñaqam, waaye
lépp yërmandey Yàlla la.
17 Mbind mi moo indi kàddu ga dikkaloon
Firawna, ne ko: «Maa la yékkati, te li ko
waral mooy lii ci boppam: ngir fésal sama
doole ci yaw, ngir itam sama riirum tur
dajal àddina‡.»
18 Kon nag Yàlla mooy yërëm ku ko neex, te
ku ko neex lay dëgëral xolam.
19 Xam naa dinga ma ne: «Ana kon lu
Yàlla di sikkeeti? Coobarey Yàlla, ana ku
koy fanq?»
20 Waaye yaw nit ki, yaay kan bay weddi
Yàlla? Ndax këf ku ñu tabax dina ne ka ko
tabax: «Lu tax nga sàkke ma nii?»
21 Tabaxkatu ndab bi xanaa daa amul
sañ-sañ ci ban bi muy liggéeye, ngir tabax
ci bennub tooyal lenn ndabal teraanga ak
leneen ndabal njoogaan?
22 Yàlla dafa nammoona wone am
sànjam, xamle dooleem. Teewul moo
muñal lool ay ndab yu yelloo am sànjam, te
seen sànkute ñoroon xomm.
23 Su dee Yàlla moo def loolu nag ngir
fésal màggaayu teraangaam, ñeel ay ndab
yu xéewloo yërmande, te mu waajalaloon
leen teraanga?
24 Nun ci ndabi yërmande yi Yàlla woo
lanu bokk, te du ci Yawut yi rekk lees nu
seppee, waaye ci jàmbur ñi dul Yawut itam.
25 Moom la wax it ci téereb Ose ne:

‡ **8.38** Seetal ci *Efes* 6.12. * **9.7** Seetal ci *Njàlbéen ga* 21.12. † **9.9** Seetal ci *Njàlbéen ga* 18.10, 14. ‡ **9.12** ***Rebeka*** mooy soxnas Isaaxa. § **9.12** Seetal ci *Njàlbéen ga* 25.23. * **9.13** Seetal ci *Malasi* 1.2-3. † **9.15** Seetal ci *Mucc ga* 33.19. ‡ **9.17** Seetal ci *Mucc ga* 9.16.

«Ñi dul woon sama ñoñ,
ñoom laay wax sama ñoñ,
ñooñu dul woon samab xejj,
ñoom laay xejjoo§.»
26 «Te foofa ñu leen noon: “Yeen,
dungeen sama ñoñ,”
fa lees leen naa: “Yeenay doomi Yàlla jiy
dund*.”»
27 Ci mbirum Israayil la Yonent Yàlla
Esayi itam xaacu woon ne:
«Su bànni Israayil tolloo ni feppi suufas
géej sax,
as ndes a ciy mucc†.»
28 Ndax kàddu gi Boroom bi wax:
«Moo koy sottal ci lu gaaw ci kaw suuf‡.»
29 Mooy itam la Esayi waxoon lu jiitu,
ne:
«Bu nu Boroom gàngoori xare yi
waccalul woon kuutaay,
ni Sodom lanuy mel, Gomor lanuy
neexool§.»

### *Bànni Israayil déggoowul ak xibaaru jàmm bi*

30 Ana lu nu ci mana wax? Xeet yu dul
Yawut te sàkkuwuñu woon ag njub, ñoo jot
àtteb njub, te mooy njub gi ngëm di maye.
31 Waaye xeetu Israayil wi sàkku woon
yoonu njub, ñoo moy yoon wi.
32 Ndax lan? Sukkandikoowul ci ngëm,
xanaa ay jëf. «Doj wuy fakkastale,» moom
lañu fakkastaloo.
33 Noonu la Mbind mi indee ne:
«Maa ngii di dëj fi Siyoŋ doj wuy
fakkastale,
mooy xeer wuy daaneel,
waaye ku ko gëm, doo rus*.»

## 10

1 Bokk yi, sama yéeney xol ak ñaan gi
may ñaanal Israayil ci Yàlla moo di ñu
mucc.
2 Ñoom laa seedeel seenug parlu ci Yàlla,
waaye dañu koo tegul ci xam-xam bu doy.
3 Yoonu njub gi Yàlla di baaxe nit ki àtteb
ku jub, moom lañu umple tey jéema dëggal
seen njubteg bopp. Moo tax nanguluñu
njubte gi Yàlla di maye.
4 Ndax kat Almasi bi moo sottal yoonu
Musaa, ngir àtteb ku jub ñeel képp ku ko
gëm.

### *Coobarey Yàlla mooy ñépp mucc*

5 Njub gi sàmm ndigali yoon di maye, li
ci Musaa bind moo di: «Kuy jëfe ndigal
yooyu, yaay dund ndax ñoom*.»
6 Waaye njub gi ngëm di maye, li muy
digle mooy:
«Bul wax ci sa xel, ne: “Ana kuy yéeg fa
kaw asamaan?”»
nde day mel ni Almasi bi ngay wuta wàcce.
7 «Bul ne it: “Ana kuy wàcci njaniiw?”»
nde day mel ni dangay wuta dekkilaat
Almasi bi.
8 Li mu wax moo di:
«Kàddu gi kay jege na leen lool: ci seen
gémmiñ ak ci seen biir xol la nekk†.»
Te loolu mooy kàddug ngëm gii nuy xamle.
9 *Saw làmmiñ*, soo ci biralee ne Yeesu moo
di Boroom bi, *sab xol* it, nga gëm ci ne Yàlla
dekkal na Sang Yeesu, dinga mucc.
10 Ndax kat ab xol lees di gëme, ba am àtteb
ku jub, te aw làmmiñ lees di birale ngëm gi
ba mucc.
11 Mbind mi moo ne: «Képp ku ko gëm, doo
rus‡.»
12 Ag wuutale amul diggante ab Yawut ak
jàmbur bu dul Yawut; ñépp a bokk benn
Boroom biy yéwéne mboolem ñi koy woo
wall.
13 Ndax kat waxees na ne: «Képp ku woo
Boroom bi wall ciw turam, dinga raw§.»
14 Waaye nees di woowe koo gëmul?
Nees di gëme koo déggul turam? Nees di
dégge turam, te yégleesu ko?
15 Nees di yéglee xibaar, te yebaleesu la?
Noonu la Mbind mi indee ne: «Ñeeka rafeti
tànk, ndaw yii di yéglesi xibaari jàmm*!»
16 Waaye du ñépp a nangul xibaaru
jàmm bi; moo tax Esayi ne: «Boroom bi, ana
ku gëm sunub dégtal†?»
17 Kon boog ngëm ci dég-dég lay juddoo,
dég-dég ba bawoo ci kàddug waare gi jëm ci
Almasi bi.
18 Waaye dama ne: xanaa dañoo déggul?
Ahakay! Ndax

§ **9.25** Seetal ci *Ose* 2.25. * **9.26** Seetal ci *Ose* 2.1. † **9.27** Seetal ci *Esayi* 10.22. ‡ **9.28** Seetal ci *Esayi* 10.23. § **9.29** Seetal ci *Esayi* 1.9. * **9.33** Seetal ci *Esayi* 8.14; 28.16. * **10.5** Seetal ci *Sarxalkat yi* 18.5. † **10.8** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 30.11-14. ‡ **10.11** Seetal ci *Esayi* 28.16. § **10.13** Seetal ci *Yowel* 3.5. * **10.15** Seetal ci *Esayi* 52.7. † **10.16** Seetal ci *Esayi* 53.1. ‡ **10.18** Seetal ci *Taalifi cant* 19.5.

«Suuf sépp la seen ndéey jibal,
seen kàddoo àkki cati àddina‡.»
19 Ma neeti: xanaa bànni Israayil dañoo
xamul? Ahakay! Musaa moo leen
njëkkoona jottali la Yàlla noon:
«Yeen, maa leen di fiireloo xeet wu
tekkiwul dara,
ci waasow naataxóona laa leen di
merloo§.»
20 Esayi it am fit ba ne:
«Ñi ma seetul woon, gis nañu ma,
ca ña ma laajul woon laa feeñe*.»
21 Israayil nag la wax ci mbiram ne:
«Bëccëg bépp laa yendoo tàllal samay loxo
askanu fippukat wu déggadi†.»

# 11

## *Yàlla waccul bànni Israayil*

1 Ma ne kon, xanaa Yàlla daa wacc
ñoñam? Mukk kay! Man ci sama bopp ci
Israayil laa bokk, askanoo ci Ibraayma,
giiroo ci Beñamin.
2 Yàlla waccul ñoñam ñi mu ràññee woon
lu jiitu. Am dangeena xamul li Mbind mi
indi ci mbirum Ilyaas, ba mu dikkee Yàlla
njàmbat lu jëm ci Israayil? Mu ne:
3 «Boroom bi, say yonent, rey nañu leen;
say sarxalukaay, màbb nañu leen; man
doŋŋ maa fi des, te ñu ngi wut sama
bakkan*.»
4 Ana lu ko Yàlla tontu? Da ne: «Beral naa
sama bopp juróom ñaari junniy nit (7 000)
ñu sujjóotaluloon Baal tuur mi†.»
5 Kon nag naka noonu itam ci jamonoy
tey jii, aw ndes a ngi fi, te ci kaw yiw lees
leen tànne.
6 Gannaaw aw yiw a tax nag, dootul
seen peyu jëf, lu ko moy aw yiw noppee
doon aw yiw.
7 Kon léegi nag? Li am moo di, li bànni
Israayil doon wut, amuñu ko. Ñi Yàlla tànn
ñoo ko am, ña ca des, seenum xel a dërkiis.
8 Noonu lees binde ne:
«Yàlla moo leen jox xelum ngëmment,
ak bët yu dul gis, ak nopp yu dul dégg,
ba bésub tey jii‡.»
9 Daawuda it wax na ne:
«Yal na seen ndab di seenum yeer,
boole ci dib caax,
te di fiir gu ñuy daanu,
muy seenub yool.
10 Yal na seeni gët giim, ba duñu gisati,
yal nañu sëgg ba fàww§.»

## *Lu jëm ci muccug ñi dul Yawut*

11 Moo tax ma ne xanaa ba bànni
Israayil tërëfee, jéll bu ñu dul jógati lañu
daanu? Mukk kay! Waaye tooñug bànni
Israayil moo waral muccug jàmbur ñi dul
Yawut, ba tax bànni Israayil siis leen.
12 Gannaaw tooñug bànni Israayil mooy
xéewalu àddina si, seenug néewle di xéewalu
jàmbur ñi dul Yawut, kon bu bànni Israayil
yembee, ndaw xéewal gu gënatee baawaan!
13 Léegi nag yeen jàmbur ñi dul Yawut
laay waxal. Gannaaw maay ndaw li ñu
yebal ci jàmbur ñi dul Yawut, samab
yónnent laay teral.
14 Jombul sama liggéey dina yee
fiiraangey sama bokki Yawut ñi, ba ñenn ci
ñoom mucc.
15 Ndax kat ba Yàlla dàqee Israayil, ca la
àddina juboo ak Yàlla. Kon nag bu leen
Yàlla delloosee, ana lu muy jur lu moy
dee-dekki?
16 Ndax kat ab sarax bu génnee ci nootu
sunguf, di ndoortel meññeef, su boobu
sarax sellee, tooyalub sunguf bépp ay sell.
Ndax su reenu garab sellee, car ya it sell.
17 Waaye su ñu tenqee lenn ci cari oliwu
kër, te yaw ngay caru oliwu àll, ñu indi la,
jabtal ci oliwu kër gi, nga wuutu car ya ca
fàqe, ba mana xéewloo meen miy wale ci
reenu oliwu kër gi, di ko dundal,
18 bumu tax nga bàkku ci kaw car ya
fàqe. Soo dee bàkku, xamal ne du yaa yenu
reen bi, waaye reen bee la yenu.
19 Xam naa dinga ne: «Car yooyu, dees
leena tenqi, ngir jabtal ma.»
20 Dëgg it; waaye ngëmadi moo leen fa
tenqee, te yaw, ngëm a la fa teg. Bu ko
réy-réyloo, waaye ragalal.
21 Ndegam cari judduwaale ya la Yàlla
déegul, moytul mu bañ laa déeg yaw itam.
22 Xoolal kon ni Yàlla baaxe ak ni mu
ragloo; ci ñi déggadi la raglu, baax ci yaw,

§ **10.19** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 32.21. * **10.20** Seetal ci *Esayi* 65.1. † **10.21** Seetal ci *Esayi* 65.2. * **11.3** Seetal ci *1.Buur ya* 19.10, 14. † **11.4** Seetal ci *1.Buur ya* 19.18. ‡ **11.8** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 29.3; *Esayi* 29.10.
§ **11.10** Seetal ci *Taalifi cant* 69.23-24.

ndegam cig mbaaxam nga sax; lu ko moy
dees na la tenqi yaw itam.
23 Car ya fàqe woon itam, su ñu wéyewul
ngëmadi, dees leen di delloo ca ndey ja,
nde Yàlla man na leen caa saxalaat.
24 Ndax kat, ndegam yaw lañu tenqee ci
oliw gi ci àll bi, jabtal la ci oliwu kër gi dul
sa ndey, astamaak car yi oliwu kër gi di
seen ndey, nde saxalaat leen ca mooy gëna
yombati.

### *Yàlla ñépp la yërëm*

25 Bokk yi, moytuleena defe ne seen xel
mu rafet a leen may li ngeen am. Bëgguma
ngeen umple mii mbóot: ag déggadi moo
dikkal lennati bànni Israayil, ba kera xeet
yi dul Yawut duggsi, ba seenub lim mat.
26 Su boobaa nag, bànni Israayil gépp ay
mucc, noonee ko Mbind mi indee ne:
«Siyoŋ la wallukat bay jóge,
mooy tenqee ngëmadi ci askanu Yanqóoba.
27 Loolooy doon sama kóllëreek ñoom,
kera ba may far seeni bàkkaar*.»
28 Ci wàllu xibaaru jàmm bi, ay noon la
Yawut ñi taxawe, te muy xéewal ci yeen ñi
dul Yawut. Waaye ci wàllu dogal bi tànn
Yawut ñi, ay soppe lañu, te seeni maam
tax.
29 Ndax Yàlla kat, ay mayam akub
wooteem, lenn du ci toxu.
30 Yeena déggadi woon, waaye tey daj
ngeen yërmande, ndax déggadig Yawut yi.
31 Noonu itam la Yawut yi déggadee tey,
ba ni ngeen daje yërmande, ñoom it ñu daje
ni yërmande.
32 Yàlla moo tëj nit ñépp ci seenug
déggadi, ngir yërëm leen ñoom ñépp.

### *Yàllaa yelloo teraanga*

33 Céy xóotaayub koomu Yàlla ak xel ma
ak xam-xam ba! Deesul natt ay dogalam,
deesul ràññee ay jëfinam!
34 «Ana ku mana nànd xalaatu Boroom bi?
Ana ku ko mana digal†?»
35 «Ana ku ko dawlul lenn,
ba mu war koo delloo‡?»
36 Ci moom la lépp sosoo, ci moom la lépp
sottee, te moom la lépp ñeel. Moom la
daraja ñeel ba fàww! Amiin.

# 12

### *Nii la gëmkat bi wara jaamoo Yàlla*

1 Kon nag bokk yi, ma ñaax leen, te
yërmandey Yàlla tax. Na seen dund mel ni
sarax su ñuy defal Yàlla, sarax su sell te
neex ko. Loolu déy mooy njaamu gi leen
war.
2 Buleen roy jamonoy tey jii, waaye
yeesluleen ci ni ngeen di xalaate ba
soppiku, ngir ngeen mana ràññee liy
coobarey Yàlla, muy li baax, di bànneexam
te mat sëkk.
3 Ma artu leen ci kaw yiw wi ma Yàlla
may; bu kenn ci yeen teg boppam fu mu
àggul, waaye xalaate leen sago, te ku nekk
dëppoo ak céru ngëm bi ko Yàlla sédd.
4 Ndax kat dafa mel ni sunu yaram wiy
wenn, te cér yi bare, doonte cér yépp a
wuuteek seen moroom nu ñuy liggéeye.
5 Noonu lanu doone ñu bare, bokk wenn
yaram nun ñépp ci Almasi bi nu gëm, te ku
nekk di sa cérub moroom.
6 Ay may yu wuute lanu am, may yu
yemook céru yiw bi ñu sédd ku nekk ci
nun. Su dee biral kàdduy waxyu mooy sag
may, biralal kàdduy waxyu ci sa keem
ngëm;
7 su dee wàllu jàppale, deel jàppale; su dee
wàllu njàngale, ngay jàngale.
8 Su dee wàllu kàddu yuy yokke, ngay
wax luy yokk gëmkat ñi; su dee wàllu joxe,
deel joxe te Yàlla rekk tax; su dee wàllu
jiite, taxawal temm ci liggéeyub jiite; su
dee wàllu baaxe nit ñi, nay loo bége.
9 Na seen cofeel mucc ci ngistal,
seexluleen lu bon te ŋoy ci lu baax.
10 Na leen mbëggeelug bokk taxa
fonkante, te ngeen farlu ci di teralante.
11 Sawarleen te baña yoqi, jaamuleen
Boroom bi, ànd ceek pastéefu xol.
12 Bégeleen seen yaakaar, di muñ ci biir
tiis, tey saxoo ag ñaan.
13 Deeleen def seen loxo ci lu faj soxlay
gëmkat ñu sell ñi, te boole ci am teraanga.
14 Ñi leen di bunduxataal, ñaanalleen
leen, ñaanalleen leen te bañ leena móolu.
15 Ñi am mbégte, bokkleen ak ñoom seen
mbégte; ñi am naqar, ngeen bokk ak ñoom
seen naqar.

---

* **11.27** Seetal ci *Esayi* 59.20-21; 27.9; *Yeremi* 31.33-34. † **11.34** Seetal ci *Esayi* 40.13. ‡ **11.35** Seetal ci *Ayóoba* 41.3.

16 Mànkooleen, buleen xëccu daraja, waaye nanguleena jonjoo ak ñi féete suuf, te baña jàppe seen bopp boroomi xel.
17 Buleen feyantoo, fexeleen di def lu rafet, ñépp seede ko.
18 Su manee am, jàmmooleen ak ñépp, ndegam ci yeen la aju.
19 Samay soppe, buleen di feyul seen bopp, xajalleen am sànj, am sànj fajal boppam, ndax bindees na ne: «Maay kiy feye, di añale*.» Boroom bee ko wax.
20 Li mu wax kay mooy:
«Bu sab noon xiifee, jox ko mu lekk,
bu maree, may ko mu naan.
Soo defee noonu, day rus,
ba mel ni koo yeni xal†.»
21 Bu leen lu bon man, waaye defleen lu baax, ba man lu bon.

# 13

## *Na ñépp déggal njiit yi*

1 Na ku nekk déggal njiit yi yor kilifteef, nde amul njiit lu bawoowul fa Yàlla, te njiit yi toog, Yàlla moo leen tabb.
2 Moo tax kuy bañal njiit, tëralinu Yàlla nga bañal, te ñi bañal njiit, ñoo wool seen bopp mbugal.
3 Kuy def lu baax nag, doo ragal kilifa yi, kiy def lu bon moo leen di ragal. Soo bëggee mucc ci ragal kilifa nag, defal lu baax, jot ngërëmam.
4 Ndax kilifa gi mooy ndaw li Yàlla yebal ngir sa jàmm. Waaye soo dee def lu bon, ragalal, ndax kilifa gi yorul ab saamar cig neen; mooy ndawal Yàlla liy añale, te mooy jottali am sànj mu wàcc ci kuy def lu bon.
5 Moo tax nangul njiit di wartéef, ndax njariñal nangul njiit yemul rekk ci mucc ci am sànj, waaye xel mu dal a ngi ci.
6 Loolu moo waral it ngeen di fey galag, ndax njiit yi koy feyeeku kat, ñooy jawriñi Yàlla yi sasoo googu kilifteef.
7 Joxleen ku nekk li ngeen warlook moom; ku ngeen wara fey galag, feyleen ko ko; ku ngeen wara fey juuti, feyleen ko ko; ku ngeen wara weg, wegleen ko; ku ngeen wara teral, teralleen ko.

## *Cofeel moo tënk yoonu Musaa*

8 Buleen ameel kenn bor, lu moy borub soppante; ndax ku sopp sa moroom, yaa matal yoonu Musaa.
9 Ndax ndigal yii kat: «Buleen njaaloo, buleen bóom, buleen sàcc, buleen xemmem*,» ak leneen ndigal lu mu mana doon, ci genn kàddu gii la tënke: «Ni ngeen soppe seen bopp, nangeen ko soppe seen moroom†.»
10 Cofeel du waral kenn def moroomam lu bon; kon cofeel moo matal sëkk yoonu Musaa.

## *Teewlu war na gëmkat ñi*

11 Li tax ngeen wara gëna farlu ci loolu mooy, xam ngeen jant yi nu tollu; seen waxtuw yewwu jot na ba noppi, nde léegi la nu mucc gëna jege ba nuy doora gëm.
12 Guddi gi màggat na, bët a ngi bëgga set. Kon nag nanu bàyyi jëfi lëndëmtu te ràngoo gànnaay yi ñuy xaree cig leer.
13 Nanu jëfe jëfin wu jekka def bëccëg; nanu sore xawaare yi ànd ak moy, ak màndite, sore baane bu lewul, ak ñaawtéef yu ni mel, te sore ŋaayoo ak kiñaan.
14 Waaye yiirooleen Sang Yeesu Almasi bi, te ngeen baña yittewoo seen bakkan, ngir di topp seeni xemmemtéef.

# 14

## *Bul sikkal sa moroom*

1 Ku ngëmam dëgërul nag, xajooleen ko, te bañ cee càmbar gis-gis yu wuute.
2 Mu mel ni tey, kii ngëmam moo ko may mu saña lekk lu nekk; kee, ngëmam lujum doŋŋ la ko ngëmam gu dëgërul may mu lekk.
3 Kiy lekk, bumu ko xeebe ki lekkul; ki lekkul it, bumu sikk kiy lekk, ndax Yàllaa ko xajoo.
4 Yaw miy sikkal jaamub jàmbur, yaay kan? Jaam bu taxaw ci liggéeyam mbaa mu sàggane ko, moom ak sangam la! Te day baaxal ndax Boroom bi man na koo baaxal.
5 Naka noonu kii jàpp na ne, bés gën naa rafet moroom ma; kee jàpp ne, bés yépp a yem. Na ku nekk seet la ko doy, te yem ca.

* **12.19** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 32.35. † **12.20** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 25.21-22. * **13.9** Seetal ci *Mucc ga* 20.13-15, 17. † **13.9** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18.

[6] Ndax kiy taamu bés, Boroom bi la koy
taamul; naka noonu kiy lekk, Boroom bi
la koy gërëme, nde moom lay sant doora
lekk; ki lekkul it Boroom bi lay sàkkoo
ñàkka lekkam, te Yàlla lay sant.
[7] Ndax kat kenn ci nun dundul ngir
boppam, te kenn deewul ngir boppam.
[8] Su nuy dund, ngir Boroom bi lanuy
dund, su nu deewee it, wormaal Boroom
bee tax nu dee. Kon nag nuy dund mbaa
nu dee Boroom bi moo nu moom.
[9] Loolu sax moo waral Almasi bi dee, ba
noppi dekki, dellu di dund, ngir ñi dee ak
ñiy dund ñépp, muy seen boroom.
[10] Yaw nag ana looy sikke sa mbokkum
gëmkat, ak itam, ana looy xeebe sa
mbokkum gëmkat? Ndax kat nun ñépp ay
taxawi fa kanam jalub àttekaayu Yàlla ba.
[11] Ndaxte bindees na ne:

«Ndegam maay Kiy dund, Boroom bee ko wax,
man la ñépp di sukkal seen bëti óom,
te man Yàlla la làmmiñu ñépp di sàbbaal*.»

[12] Kon ku nekk ci nun, yaay layool sa bopp
fa Yàlla.

### *Bul yóbbe sa moroom bàkkaar*

[13] Kon nag bunu di seetati lu nu
sikkantee, li ngeen di seet kay mooy nu
ngeen fexee ba dungeen yóbbe mbokkum
gëmkat lu koy fakkastal, mbaa lu koy
xiirtal ci bàkkaar.
[14] Xam naa nag, wér na ma it te Sang
Yeesu tax, ne amul lenn lu sobewu ci wàllu
boppam, ba daganula lekk; waaye ki jàppe
lenn muy lu sobewu, ci moom la loola di
lu sobewu.
[15] Soo dee lekk lenn ba tax sa mbokk am
ci lu ko naqari, noppi ngaa doxe cofeel. Bu
sag lekk sànk ku tax Almasi bi dee.
[16] Li dagan ci yaw, bu ko jariñoo ba may
kenn lu mu ŋàññee.
[17] Ndax kat solos nguurug Yàlla jotewul
dara akug lekk mbaa ag naan, waaye
solos nguuru Yàlla moo di njub ak jàmm ak
mbégte ci ndimbalal Noo gu Sell gi.
[18] Noonu kat ku koy jaamoo Almasi bi,
yaa neex Yàlla, am ngërëmal nit ñi.
[19] Kon nag nanu sàkku luy indi jàmm ak
lu nu feddalantee.
[20] Aw ñam, bumu la yàqloo liggéeyu Yàlla.
Dëgg la, wépp ñam set na, waaye lekk ga
nga koy lekk, su gàkkalee ngëmu keneen,
def nga lu aay.
[21] Li gën sax mooy nga baña lekk yàpp,
mbaa nga baña naan biiñ, mbaa leneen lu
mu doon lu mana fakkastal sa mbokkum
gëmkat.
[22] Yaw ci sa wàllu bopp, ngëm gi nga ci
am, yemale ko ci sa bopp, fi kanam Yàlla.
Ndokkalee ki sikkul boppam lenn ci jëfin
wu mu dogul boppam ne noonu lay jëfe.
[23] Waaye ki am xel ñaar, su lekkee, ab
daan topp na ko, nde jëfewul ngëm, te lu
ngëm lalul bàkkaar la.

# 15

### *Na gëmkat yiy xajoonte*

[1] Nun ñi fendi ci wàllu ngëm, fàww nu
xajoo tëley ñi néew doole, te baña sàkku
sunu bànneexu bopp.
[2] Na ku nekk ci nun sàkku bànneexu
moroomam, ci lu koy jariñ, ngir feddali
ngëmam.
[3] Ndax Almasi bi kat sàkkuwul bànneexu
boppam, te noonu it la Mbind mi indee ne:
«Ñi lay saaga, seeni saaga, ci sama kaw la
dal*.»
[4] Ndaxte mboolem lu ñu bindoon, bu
njëkk, jàngal nu moo taxoon ñu bind ko,
ngir Mbind mi may nu xolu muñ, te ñaax
nu, ba nu am yaakaar.
[5] Kon nag Yàlla miy maye xolu muñ, di
ñaaxe, yal na leen may mànkoo gu mat
sëkk, ni ko Almasi Yeesu bëgge,
[6] ngir nu bokk jenn yéene ak genn kàddu
gu ngeen sàbbaale Yàlla, sunu Baayu Sang
bi, Yeesu Almasi bi.

### *Xibaaru jàmm bi ñépp la dikkal*

[7] Kon nag, ni leen Almasi bi xajoo,
nangeen ko xajoontee noonu, ngir
teddaayu Yàlla.
[8] Dama leen di wax ne leen, bëgga fésal
ne Yàlla ku dëggu la moo waral Almasi bi
dikk, def boppam jawriñu Yawut yi, ngir
sottal dige ya Yàlla digoon seeni maam.
[9] Leneen li indi Almasi bi mooy may
jàmbur ñi dul Yawut lu ñu màggale Yàlla, te

---

* **14.11** Seetal ci *Esayi* 45.23. * **15.3** Seetal ci *Taalifi cant* 69.10.

muy yërmandeem. Noonu it la Mbind mi indee ne:
«Looloo waral ma sant la ci biir xeet yi,
sàbbaal la†.»
10 Mu neeti:
«Yeen xeet yi, bégandooleen ak ñoñam‡.»
11 Mu dellu ne:
«Yeen xeetoo xeet, màggalleen Boroom bi,
réewoo réew, kañleen ko§.»
12 Esayi it neeti:
«Ab car ay bawoo ca Yese*, reen ba,
mooy taxaw, yilif jàmbur ñi dul Yawut,
te moom la ñi dul Yawut di yaakaar†.»
13 Kon Yàlla miy maye yaakaar, yal na
leen feesaleek gépp mbég ak jàmm ci biir
ngëm, ba ngeen fees dell ak yaakaar, ci
manoorey Noo gu Sell gi.

## *Póol xamle na sababu bataaxalam*

14 Bokk yi, man ci sama bopp, li ma bir
ci seen mbir moo di yéene ju rafet ngeen
fees, te buural ngeen bépp xam-xam, man
ngeena artoonte it.
15 Teewul mu am ci wet yu ma leen
ñemee binde kàddu yu ma ñéebluwul, ngir
fàttali leen li ngeen xamoon ba noppi.
Noonu ma binde nag, li ko waral moo di
yiw wi ma Yàlla baaxe,
16 ngir ma doon jawriñu Almasi Yeesu,
ñeel jàmbur ñi dul Yawut, may wàccoo ak
liggéeyu carxal bi xibaaru jàmm bu Yàlla
laaj; su ko defee ñi dul Yawut mana doon
sarax su Yàlla nangu, sarax su Noo gu Sell
gi sellal.
17 Moo tax ma saña puukarewoo Almasi
Yeesu mi may liggéeyloo ci mbiri Yàlla.
18 Sañumaa tudd lenn nag lu moy li
Almasi bi sottale sama jëmm, ngir jàmbur
ñi dul Yawut déggal Yàlla, te muy lu mu
sottale samay wax ak samay jëf,
19 ci kaw firnde yu manoorewu aki
kéemaan, lépp ci manoorey Noowug Yàlla.
Loolu tax na, li dale Yerusalem, wëndeelu,
ba ca diiwaanu Iliri, yégle naa fa xibaaru
jàmm bu Almasi bi, ba mu mat sëkk.
20 Noonu laa masa xintewoo di xamle
xibaaru jàmm bi fu ñu xamewul Almasi bi,
ngir baña bey sas wu fa keneen jotoona
liggéey.
21 Noonu ma jëfe it moo dëppoo ak ni ko
Mbind mi indee ne:
«Lu ñu leen waxuloon, ñu gis ko,
lu ñu dégguloon, ñu mujj koo ràññee‡.»

## *Póol dige naa seeti waa Room*

22 Sama liggéey boobu sax moo ma
gàllankoor lu bare ba dikkaguma seetsi
leen.
23 Waaye léegi jeexal naa sama sas ci gox
yii, te at yu bare ca gannaaw, nammoon
naa dikk seetsi leen,
24 bu may dem Espaañ, dinaa leen
seetsiwaale. Yaakaar naa leena gis bu ma
fa jaaree, ba ngeen yiwi ma, ma jàlli
Espaañ, gannaaw, lu mu néew néew, ay fan
yu ma nammantikoo ak yeen.
25 Waaye fii ma tollu, Yerusalem laa jëm,
ngir ndimbal lu ñeel ñu sell ña féete foofa.
26 Ndaxte gëmkati Maseduwan ak Akayi
ñoom la soob ñu sàkke lenn ci seen alal,
ngir dimbalee ko ñu sell ña diy néew doole
ca Yerusalem.
27 Seen coobarey bopp lañu ko defe,
waaye ñoo ko ameel waa Yerusalem it nag.
Ndaxte gannaaw ñoom ñiy jàmbur, gëmkati
Yerusalem ñoo leen sédd ci xéewal yi leen
ngëm may, kon ñoom jàmbur ñi itam war
nañu leena sédd ci seen alal.
28 Teewul nag bu ma noppee ci lii, ba teg
teraanga jii ca loxoy waa Yerusalem,
Espaañ laa jëm, te fa yeen laay jaare.
29 Te xam naa ne bu ma dikkee fa yeen,
barkeb Almasi bu mat sëkk laay dikke.
30 Gannaaw loolu bokk yi, li ma leen di
ñaan ngir sunu Boroom Yeesu Almasi bi,
ngir itam cofeel gi Noo gu Sell giy maye,
moo di ngeen fekksi ma ci xareb ñaan ngir
man.
31 Ñaanalleen ma, ngir ma mucc ci aji
gëmadiy Yude, te itam ndimbal li may
yóbbul ñu sell ña ca Yerusalem, ñaanleen
ngir ñu nangu ko.
32 Su ko defee, ci coobarey Yàlla, ma
dikke mbégte ba fa yeen, ba dalluwaale as
lëf fa yeen.
33 Yal na Yàlla miy boroom jàmm ànd ak
yeen ñépp. Amiin.

---

† **15.9** Seetal ci *Taalifi cant* 18.50. ‡ **15.10** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 32.43. § **15.11** Seetal ci *Taalifi cant* 117.1.
* **15.12** ***Yese*** mooy baayu Daawuda. † **15.12** Seetal ci *Esayi* 11.10. ‡ **15.21** Seetal ci *Esayi* 52.15.

# 16

## *Póol nuyu na waa Room*

1 Boole naa leen nag ak sunub jigéen
Febe, mu di ab jàppalekatub mbooloom
gëmkat ma dëkke Señsere.
2 Dalalleen ko ci turu Boroom bi, ni ko
ñu sell ñi yelloo, te ngeen taxawu ko ci
lépp lu mu aajowoo, nde moom itam
xettali na ñu bare, ba ci man mii.
3 Nuyulleen ma Piriska ak Akilas, sama
bokki liggéeykat yi ci liggéeyub Almasi
Yeesu.
4 Ñoom ñoo jaay seen bakkan ngir ma
mucc, te du man doŋŋ maa leen ameel
njukkal, waaye mboolooy gëmkat yu
jàmbur ñi dul Yawut yépp a leen ameel
njukkal.
5 Nuyulleen ma itam mbooloom gëmkat
miy daje ca seen kër. Nuyulleen ma
sama soppe Epaynet, miy saraxu
ndoortel meññeef ma génne ca
diiwaanu Asi, ñeel Almasi bi.
6 Nuyulleen ma Maryaama mi sonn lool
ci yeen.
7 Nuyulleen ma Andoronikus ak Yuña,
sama bokki Yawut yi ñu ma
tëjandooloon; ñu ñu nawloo lañu ci
ndaw yi, te ñoo ma njëkka gëm sax
Almasi bi.
8 Nuyulleen ma Ampilyaatus mi ma
soppal sama bopp ndax Sang bi.
9 Nuyulleen ma it Urben, sunu
mbokkum liggéeykat bi ci liggéeyub
Almasi bi, ak Estakis, sama soppe;
10 nuyulleen ma Apeles mi firndeel
kóllëre gi mu am ci Almasi bi, te ngeen
nuyul ma waa kër Aristobul,
11 ak Erojon sama mbokkum Yawut, te
ngeen nuyul ma waa kër Narsis ñi gëm
Sang bi.
12 Nuyulleen ma Tirifen ak Tirifos,
jigéen ñu sonn ci liggéeyu Boroom bi,
ak it ndaw si Persidd mi sonn lool ci
liggéeyu Boroom bi.
13 Nuyulleen ma Rufus mi Boroom bi
tànnal boppam, ak yaayam jiy sama
yaayu bopp.
14 Nuyulleen ma Asànkirit ak Felegon ak
Ermes ak Patarobas ak Ermas, ak
mboolem bokk yi nekk ak ñoom.
15 Nuyulleen ma it Filolog ak Yuli, ak
Nere ak jigéenam, ak Olimpas ak
mboolem ñu sell ñi nekk ak ñoom.
16 Saafoonteeleen fóonante yu sell.
Mboolooy gëmkati Almasi bi yépp nuyu
nañu leen.

## *Kàdduy artu ak tàggoo ñeel na waa Room*

17 Léegi nag bokk yi, dama leen di ñaax,
ràññeeleen ñi gàntal àlluwa ji ngeen jànge,
di féewale aka téqtale, te ngeen moytu leen.
18 Ñu ni mel liggéeyaluñu Almasi bi sunu
Boroom, seen koll lañuy liggéeyal. Làmmiñ
wu neex ak kàddu yuy jaye lañuy naxe ñi
seenum xel foogadi.
19 Yeen nag seenug dégg ndigal siiw na
ba bir ñépp, moo tax ma di leen bége.
Waaye damaa bëgg ngeen xelu ci lu baax,
te seenum xel mucc ci lu bon.
20 Su ko defee Yàlla miy boroom jàmm
mooy dër Seytaane ci lu gaaw, fi ngeen ko
joggi seeni tànk.
Yal na sunu yiwu Boroom Yeesu ànd ak
yeen!
21 Timote sama mbokkum liggéeykat
nuyu na leen, mook Lusiyus ak Yason ak
Sosipater sama bokki Yawut.
22 Man Tersiyus mi bind kàdduy
bataaxal bi ci sama loxo nag, nuyu naa
leen ci turu Boroom bi.
23 Gayus mi may dalal, di dalal mbooloo
mi mépp këram, nuyu na leen; Erast
saytukatub alalu dëkk bi it, nuyu na leen,
mook mbokk mi Kàrtus.
24 Yal na sunu yiwu Boroom Yeesu
Almasi bi ànd ak yeen! Amiin.

## *Teraanga ñeel na Yàlla*

25 Kookoo leen mana dooleel nag ndax
sama xibaaru jàmm, ak waareb Yeesu
Almasi bi mu feeñal mbiram tey, gannaaw
ba mu nekkee mbóot mu làqu woon naka
jekk,
26 mbóot mu Bindi yonent yi fésal tey, ba
xamal ko xeet yépp ci ndigalal Yàlla ji sax,
ngir xeet yépp gëm ba dégg ndigal,
27 kooku mooy Yàlla mi wéetoo
xam-xam, te moom la ndam ñeel ba fàww,
ndax Yeesu Almasi bi! Amiin.

# 1.Korent muy bataaxal bu njëkk bi Póol bind waa Korent

Korent péeyub diiwaanu Akayi la woon ci réewum Geres. Póol dem na Korent juróom fukki at gannaaw deewug Almasi bi. Mu toog fa fukki weer ak juróom ñett. Gannaaw ab diir mu dellu Korent toogaat fa lu tollook ñetti weer (Jëf ya 18.1-18; 20.1-3). Liggéeyam foofa tax na ba ñu bare topp Almasi bi.

Póol dégg na seen xibaar te mu naqari ko. Féewaloo ak séy yu awul yoon am na ci seen biir, te am na ñu wax ne ñi dee duñu dekki. Mu bind leen ngir ñu jekkal seen diggante, te jekkal seen jaamu Yàlla. Mu tontu it ay laaj yu ñu ko bind. Póol di leen fàttali ne man naño saafara jafe-jafey mbooloo mi, su fekkee bëggante am na ci seen biir, ni leen Almasi bi bëgge, te ñu xool ëllëgu Yàlla te baña gis àddina si ñu nekk.

Ci tënk:

1.1-9 Póol nuyoo na, ñaan na.
1.10—4.21 Nanu bennoo.
5.1—6.20 Am ngeen sañ-sañ, waaye war ngeena terale Yàlla seen yaram.
7.1-40 Lu jëm ci mbirum séy.
8.1—11.1 Nanu sore bokkaale. Lu jëm ci ñam wu ñu sarxale ay tuur.
11.2—14.40 Nanu jekkal sunu jaamu Yàlla.
15.1-58 Ndekkite li leeral na ni nu wara dunde.
16.1-24 Póol mébét na, dénkaane na.

*Ubbite gi*

1 Ci man Póol mi ñu woo ci sasub doon
ndawal Almasi Yeesu, ci coobarey Yàlla, ci
man la bataaxal bii bawoo, bawoo itam ci
Sosten mbokk mi,
2 ñeel mbooloom Yàlla, mi ci Korent,
yeen ñi ñu sellal ci jëmmu Almasi Yeesu, te
ñu woo leen ngir ngeen doon ñu sell, ñeel
itam mboolem ñiy tudde fépp fu mu mana
doon, sunu turu Boroom Yeesu Almasi bi
leen moom, moom nu.
3 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, bawoo fa
Yàlla sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.

*Sant Yàlla war na*

4 Santal leen sama Yàlla laa saxoo, ci yiw
wi mu leen may ci Almasi Yeesu,
5 ndax lépp ngeen woomle ci moom, ci
gépp kàddu ak bépp xam-xam.
6 Loolu di firndeel ne la nu seedeeloon
Almasi bi sotti na ci yeen.
7 Loolu tax na ñàkkatuleen genn may,
léegi bi ngeen di séentoogum peeñum sunu
Boroom Yeesu Almasi bi.
8 Moo leen di dooleel ba ca mujjantal ga,
ngir ngeen mucc sikk, keroog sunu bésu
Sang Yeesu Almasi bi.
9 Yàllaa am kóllëre, moom mi leen woo,
ngir ngeen bennoo ak Doomam Yeesu
Almasi bi, sunu Sang.

*Na mbooloo mi juboo*

10 Bokk yi nag, dama leen di ñaax, ci
sunu turu Sang Yeesu Almasi bi, ngir seen
kàddu di genn, te féewaloo baña am ci seen
biir, xanaa ngeen bennoo ci lépp, bokk
menn xel ak benn jëmu.
11 Ndax kat bokk yi, dégge naa ci waa kër
Kelowe, ne am na ay dëngoo ci seen biir.
12 Li may wax mooy ku nekk ci yeen a
ngi naan: «Man ci Póol laa bokk!», «Man
nag Apolos!» «Man Sefas!» «Man de Almasi
bi!»
13 Ndax Almasi bi dafa xàjjalikoo? Ndax
Póol lañu daajoon ca bant ba ngir yeen?
Am ci turu Póol lañu leen sóobe ci ndox?
14 Maa ngi sant Yàlla, ba ma sóobulee
kenn ci yeen ci ndox, ku dul Kirispus ak
Gayus,
15 ngir kenn du ne ci sama tur lañu leen
sóobe.
16 Ahakay! Maa sóob waa kër Estefanas
itam. Waaye bu loolu weesoo,
fàttalikuwuma fu ma sóobe keneen.
17 Ndax du sóobe cim ndox la ma Almasi
bi yebale, waaye ngir ma yégle xibaaru
jàmm bi, te bañ koo defe xareñtey kàddu,
ngir baña neenal bantub Almasi ba ñu ko
daajoon.

*Xam-xam, fa Yàlla*

18 Ndax kat kàddu gi jëm ci bantub
Almasi ba ñu ko daajoon, ag ndof la ci ñiy
sànku. Waaye manoore Yàlla la ci nun ñi
mucc.
19 Ndaxte bindees na ne:
«Maay yàq xam-xamu xamkat yi,

ñi xelu, ma neenal seenum xel[*].»
20 Ana kuy xamkat? Ana kuy firikatub
yoon? Ana waxkatub àddinay tey jii?
Xanaa du Yàllaa def xam-xamu àddina si ag
ndof?
21 Yàlla moo dogal ci xam-xamam, àddina
tële koo xam ci xam-xamu boppam. Moo
tax mu soob Yàlla, mu jëfandikoo xibaaru
Almasi biy ag ndof ci nit ñi, ngir musale ko
gëmkat ñi.
22 Yawut yi, ay takk lañuy laaj, Gereg yi
di wut xam-xam.
23 Nun nag, nuy waare ci Almasi bu ñu
daaj ci bant, muy njombe ci Yawut yi, di
ag ndof ci jàmbur ñi dul Yawut.
24 Waaye ci ñi ñu woo, ñuy Yawut, di
Gereg, Almasi bi mooy manoorey Yàlla, di
xam-xamu Yàlla.
25 Ndaxte li ñu jàppe ag ndof fa Yàlla moo
sut xam-xamu nit, te li ñu jàppe néew
dooley Yàlla moo raw dooley nit.

26 Bokk yi, seetleen ñan ngeen woon, ba
ñu leen di woo. Barewul ci seen biir ay
xamkat ci gis-gisu nit ñi, barewul ci yeen
ay boroom doole, barelewuleen ñu rafet
ab juddu.
27 Waaye li àddina jàppe ag ndof, moom
la Yàlla tànn, ngir rusloo ko xamkat yi, te li
néew doole ci àddina, moom la Yàlla tànn,
ngir rusloo ko li bare doole.
28 Li tuut ab juddu ci àddina ak li xeeblu,
li tekkiwul dara, moom la Yàlla tànn, ngir
neenale ko li tekki,
29 ba tax kenn du mana damu ci kanam
Yàlla.
30 Te moom it moo tax ngeen bokk ci
Almasi Yeesu mi ñu def muy sunu
xam-xam bu bawoo fa Yàlla, di sunu njub,
di sunu cellte, di sunug njot,
31 su ko defee, noonu ñu binde ne: «Kuy
damu, na damu ci Boroom bi[†],» noonu lay
ame.

## 2

1 Man ci sama bopp, bokk yi, bi ma
dikkee ci yeen, du ci puukarey kàddu yu
gëna taaru ak xam-xam bu ma leen
yégalsee mbóoti Yàlla.
2 Doguwuma woona xam lenn ci seen
biir, lu moy Yeesu Almasi bi, kooku ñu
daaj ca bant ba.
3 Man daal, ci sama biir néew dooley
bopp ak ragal bay kat-kati, laa nekke
woon ak yeen.
4 Sama kàddu ak samam njàngale
jotewul woon dara ak neex làmmiñ gu
xam-xamu nit ràbb, waaye dafa di ay
firnde yu manooreg Noowug Yàlla lañal,
5 ngir seen ngëm baña sukkandiku ci
xam-xamu nit, te sukkandiku ci
manooreg Yàlla.

### *Xelum Yàlla mooy xamle xam-xamu Yàlla*

6 Moona xam-xam lanuy xamle ci biir
gëmkat ñi mat, waaye du xam-xamu xarnu
bii ak bu njiiti xarnu bii, di nit ñuy wéy.
7 Li nuy biral kay, da di mbóotum
xam-xamu Yàlla mu làqu woon, te Yàlla
dogaloon nu koo terale, laata àddina di
sosu.
8 Boobu xam-xam, kenn ci njiiti xarnu
bii xamu ko woon, ndax su ñu ko xamoon,
kon duñu daaj Sang bu tedd bi ci bant.
9 Mooy noonu ñu binde rekk ne:
«Lu bët gisul,
nopp déggu ko,
xel daju ko,
Yàllaa ko dencal ñi ko sopp[*].»
10 Waaye nun la Yàlla feeñalal denc
googu jaare ci Xelam. Ndaxte Xelum Yàlla
lépp lay gëstu ba ci xóotey mbóoti Yàlla.
11 Kan ci nit ñi moo xamal kenn nit lenni
biiram? Xelum nit ki ci biir nit ki doŋŋ
moo mana xam biiram. Yàlla itam noonu
la. Kenn xamul mbirum Yàlla ku moy
Xelum Yàlla.
12 Nun nag du xelum àddina lanu jot,
waaye Xel mi bawoo fa Yàlla lanu jot, ngir
nu mana ràññee li nu Yàlla baaxe.
13 May yooyu lanuy biral, te waxewunu
ko njàngalem xam-xamu nit, waaye
njàngalem Xelum Yàlla lanu koy waxe, di
jëfandikoo kàddu yu làmboo Xelu Yàlla mi,
ngir teqantal ay mbir yu làmboo Xelu Yàlla
mi.
14 Nitu neen nag du nangu lu aju ci
Xelum Yàlla. Ag ndof lay doon ci moom; du

* **1.19** Seetal ci *Esayi* 29.14. † **1.31** Seetal ci *Yeremi* 9.23. * **2.9** Seetal ci *Esayi* 64.3.

ko mana xam, ndax loolu Xelum Yàlla lees
koy natte.
15 Nit ki ànd ak Xelum Yàlla nag moo
mana natt lépp, te moom ci boppam, kenn
du ko mana natt.
16 Moo tax ñu ne:
«Ana ku mana nànd xalaatu Boroom bi?
Ana ku ko mana digal†?»
Waaye nun nag noo yor xalaatu Almasi bi.

# 3

*Par-parloo warul gëmkat ñi*

1 Man nag bokk yi, manuma woona wax
ak yeen ni ñuy waxe ak ñu ànd ak Noowug
Yàlla, waaye ni niti suuxu neen rekk laa
manoona waxe ak yeen, mbete ñu diy
tuut-tànk ci yoonu Almasi bi.
2 Meew laa leen jota nàndale, waaye
leelewuma leen dugub, ndax àttanuleen ko
woon, te ba léegi sax àttanuleen ko,
3 nde yeena ngi ba tey ci seenug niti
suuxu neen. Ndax gannaaw kiñaan ak
ŋaayoo ngi ci seen biir, du ay niti suuxu
neen ngeen ba tey, di doxale ni niti
àddinay kese?
4 Bu kenn naan: «Man ci Póol laa bokk,»
keneen naa: «Man nag Apolos,» ndax kon
dungeen niti àddinay kese?
5 Ana kuy Apolos sax? Ak kuy Póol?
Xanaa du nun nooy ay surgay neen yu
ngeen jaare ci nun, ba gëm, ni Boroom bi
jagleele kenn ku nekk ci nun aw sasam.
6 Maa jëmbat, Apolos suuxat, waaye Yàlla
moo jebbil.
7 Ki jëmbat nag ak ki suuxat, kenn du ci
dara, xanaa Yàlla miy jebbil doŋŋ.
8 Ki jëmbat, ak ki suuxat ñoo yem kepp,
waaye ku ci nekk kemu liggéeyu boppam
lay yooloo.
9 Noo bokk diy surga ci liggéeyu Yàlla bi;
yeen ngeen di toolu Yàlla, di tabaxub Yàlla.
10 Yiwu Yàlla wi mu ma may nag, ci laa
lale fondmaa bi, ni tabaxkat bu xareñ,
keneen di tabax ca kaw. Waaye na ku
nekk xool bu baax na mu cay tabaxe.
11 Geneen fondmaa moom maneesu koo
lal, xanaa gi xasa lale, te mooy Yeesu
Almasi bi.
12 Ku tabax ci kaw fondmaa bi nag, nga
tabaxe wurus, mbaa xaalis, mbaa per,
mbaa dénk, mbaa gattax, mbaa am
mboob,
13 ku ci nekk, sab liggéey dina feeñ, ndax
bés-pénc baa koy xamle, nde sawara lees
koy feeñale. Ku ci nekk ak lu sa xeetu
liggéey mana doon, sawara lees koy natte.
14 Ku liggéeyoon ba la nga tabaxoon ca
kaw kenu ga des, dinga yoolu.
15 Waaye ku sab liggéey lakk, ñàkk nga.
Yaw ci sa bopp nag dinga mucc, mel ni ku
rëcce cig lakk rekk.
16 Xanaa xamuleen ne kër Yàlla ngeen, te
Noowug Yàlla moo dëkk ci yeen?
17 Ku yàq kër Yàlla nag, kooku Yàlla dina
ko yàq, ndax kër Yàlla dafa sell, te mooy li
ngeen doon.
18 Bu kenn nax boppam: ku teg boppam
ci yeen boroom xam-xam, ni xarnu bii
jàppe xam-xam, kooku na doon ab dof,
ngir am xam-xam bi wóor.
19 Ndaxte xam-xamu àddina sii, ndof la
fa Yàlla. Moo tax bindees na ne: «Mooy jàpp
boroom xel yi ci seen pexey muusaatu*,»
20 tegati ca ne: «Boroom bi xam na xalaati
boroom xel yi te xam na ne neen la†.»
21 Kon nag bu kenn puukarewoo ay nit,
ndax lépp, yeena ko moom,
22 muy Póol, di Apolos, di Sefas, di
àddina, di dund, di dee, di tey, di ëllëg, lépp,
yeena ko moom.
23 Yeen nag, Almasi bi moo leen moom,
te Almasi bi, Yàllaa ko moom.

# 4

*Àtteb Yàlla doy na Póol*

1 Dees noo wara jàppe ay surgay Almasi
bi, ay saytukati mbóoti Yàlla.
2 Te itam li ñuy sàkku ci ay saytukat moo
di ñu jara wóolu.
3 Man nag, su dee yeena dogal samab
àtte, mbaa kuréelu nit a dogal samab àtte,
soxaluma lool, te dogalaluma sama bopp
ab àtte it,
4 ndax amul dara lu may yedde sama
bopp. Waaye nag loolu taxul ma jub, ndax
kiy dogal samab àtte mooy Boroom bi.

† **2.16** Seetal ci *Esayi* 40.13. * **3.19** Seetal ci *Ayóoba* 5.13. † **3.20** Seetal ci *Taalifi cant* 94.11.

5 Moo tax buleen àtte lenn te jotul, lu
jiitu Boroom biy dikk. Moom mooy leeral
li làqoo ag lëndëm, di làññi mébéti xol. Su
boobaa ngërëm la ku nekk yelloo, fa Yàlla
lay bawoo.

6 Bokk yi, loolu de laa natte ci Apolos ak
ci man, ñeel leen, ngir ngeen jànge ci sunu
ñaari jëmm, ba sàmm solos kàddu gii: «Bu
seen xalaat jàll lu weesu li Mbind mi
wax.» Su ko defee dungeen réy-réyloo far
ak kenn, di beddi keneen.
7 Ana ku la def nga gën ci nit ñi? Ana loo
am lu ñu la joxul? Te ndegam dees la koo
jox, ana loo koy puukarewoo, mbete lees
la joxul?

8 Yeen daal suur ngeen xaat! Woomle
ngeen xaat! Yeena ngi tàmbalee nguuru, te
xaaruleen nu ci sax! Céy su ngeen doon
nguuru léegi, ba nun itam nu mana
nguuroondoo ak yeen!
9 Ndaxte damaa foog ne, nun ndawi
Almasi bi, Yàllaa nu fésal ca sàppeb
gannaaw ba, mbete nit ñu ñu teg àtteb dee,
ngir nu doon ceetaanum àddina wërngal
këpp, malaaka ak nit.
10 Nun, sunu xér ci Almasi bi tax na ñu
jàppe nu ay dof; yeen, yeena muus nu
ngeen bokke ci Almasi bi! Nun noo néew
doole; yeen, yeena am doole. Yeen it lañu
naw, waaye nun, dees noo xeeb!
11 Ba fii nu tollu, xiif ak mar ak rafle aki
dóor lanu nekke, di wër rekk.
12 Danuy ñaq, di dunde sunu liggéeyu
loxo, nit ñi di nu saaga, nu di leen ñaanal;
ñu di nu bunduxataal, nuy muñ.
13 Nu ngi nuy baatal, nun nuy wax lu
rafet ci nit ñi, nu mujj mel ni mbalitu
àddina, di mbuubitu ñépp ba fii nu tollu.

14 Kersaal leen nag taxul ma bind leen
lii, waaye dama leen koy artoo, ndax
yeenay sama doomi bopp.
15 Su ngeen amoon fukki junniy njiit yu
leen di sàmm ci yoonu Almasi bi it, du tax
ngeen am lu wees benn baay, te man maa
leen àgge xibaaru jàmm bi, ba tax ma di
seen baay ci yoonu Almasi Yeesu.
16 Kon nag maa ngi leen di tinu, ngir
ngeen roy ci man.
17 Looloo tax ma yebal ci yeen Timote,
sama doomu bopp ji sax ci yoonu Sang bi.
Moo leen di fàttali samay doxalin ci yoonu
Almasi bi, noonu ma koy jàngalee fépp, ci
mépp mbooloom gëmkat.
18 Am na nag ñuy réy-réylu ci seen biir,
defe ne duma délseeti ci yeen.
19 Waaye maa ngi dikk léegi ba ci yeen,
ndegam soob na Boroom bi, ba nattal
sama bopp manoore ju réy-réylukat yooyu
am, te duy kàddu kese.
20 Ndaxte nguurug Yàlla du ci waxi kese,
waaye manoore la.
21 Ana lu leen gënal? Ma dikke leen ab
yar, am ma dikke leen cofeel ak yërmande?

# 5

## *Buleen xajoo séy yi yoon tere*

1 Déggees na nag ci lu wér, ne jëfin wu
xeebu ci wallum séy yenn am na ci seen
biir, te jëfin wu ni mel, giseesu ko sax ci
biir xeeti yéefar yi. Dem na sax ba nit nekk
ak jabaru baayam.
2 Moona yeen de, yeena ngi ciy réy-réylu
te waroon koo ñaawlu, ba dàqees kiy def jëf
ju ni tollu ci seen biir!
3 Man ci sama wàllu bopp nag, jëmm ji
wuute na, waaye xel mee fa teew. Ki def
jooju jëf nag, niki su ma teewoon, dogal
naa xaat ab àtteem,
4 ci turu Sang Yeesu. Bu ngeen dajee, te
ma bokk ak yeen teewe ko samam xel, ci
sunu kàttanu Boroom Yeesu,
5 dàqleen nit kooku, jébbal ko Seytaane,
ngir sànkutey yaramam, ndax ag ruuwam
mucc, keroog bésu Boroom bi.

## *Lawiir misaal na bàkkaar*

6 Seen damu gii de jekkul dara. Xanaa
xamuleen ne as lawiir tooyalu sunguf
bépp lay funkil?
7 Setalleen seen bopp boog, génneleen
lawiir* bu yàgg bi ci seen biir, ba mana
doon tooyal bu bees bu mucc lawiir, nde
doon ngeen ko ba noppi, ndax Almasi bi,
sunu gàttub bésub Mucc biy sunub sarax,
rendilees na nu ko.
8 Kon nag, nanu màggal sunu bésub
Mucc te bañ koo màggale lawiir bu yàgg,
mbaa lawiiru yàqute akug mbon, xanaa

* **5.7** Seetal ci *Mucc ga* 12.3-21.

nu màggale ko mburu mu amul lawiir, mburum xol bu set te dëggu.

9 Bindoon naa leen ca sama bataaxal ba, ne buleen amlante ak fokati séy yi.
10 Waaye moos fokati àddina sii taxul
woon may wax, mbaa bëgge yi ak ŋàppaaral yi ak bokkaalekat yi, nde kon fàww ngeen génn àddina.
11 Dama leena bind, ne leen buleen
amlante ak ku tuddoo mbokkum gëmkat, te di fokatub séy, mbaa mu dib bëgge, mbaa mu dib bokkaalekat, mbaa ab saagakat, mbaa màndikat, mbaa ab ŋàppaaral. Ku ni mel, buleen bokk ak moom lekk sax.
12 Ana sax luy sama yoon ci waa biti ba
di leen àtte? Su dee waa biir mbooloom gëmkat ñi nag, yeena leen wara àtte.
13 Waa biti ñoom, Yàlla moo leen di àtte.
Yeen nag: «Tenqeeleen ku bon ci seen biir†.»

# 6

## *Layoob biiri bokk rafetul*

1 Te it ku ci jote ak mbokkum gëmkatam,
ana nu mu saña àttelujee mbir mi ci aji jubadi, ñi séq ëttu yoon, te bañ koo àtteluji ca aji sell ña?
2 Xanaa xamuleen ne aji sell ñi ñooy
àtteji àddina? Ndegam yeenay àtteji àddina, xanaa àtte mbir yi gëna tuut jombu leen?
3 Am xamuleen ne malaaka yi sax, nun
noo leen di àtteji, astamaak mbiri dund gii?
4 Kon nag bu ngeen amee ay jotey dund
gii, ana lu ngeen diiseji seen mbir ay nit ñu mbooloom gëmkat ñi nawloowul?
5 Li may wax gàcce la ci yeen. Xanaa
amul ci seen biir, benn boroom xel bu mana àtte ay bokkam?
6 Ab gëmkat daal, ndax mooy yóbbu
mbokkum gëmkatam ci yoon? Te loolu ci kanam aji gëmadi ñi sax lañu koy defe far!
7 Layoo bi ci seen biir rekk firndeel na
xaat ne daanu ngeen jéll bu réy. Lu leen tee muñ ag tooñ? Lu leen tee faaleedi alal ju ñu nangu ci yeen?
8 Waaye yeen ci seen bopp sax, xanaa
yeenay tooñ aka nangu alalu nit ñi? Te seen bokki gëmkat ngeen koy def!
9 Am xamuleen ne aji jubadi ñi amuñu
cér ci nguurug Yàlla? Bu leen kenn nax: Muy fokati séy yi, di bokkaalekat yi, di njaalookat yi, di góor-jigéen yi ak ñiy ànd ak ñoom,
10 ak sàcc yi ak bëgge yi ak màndikat yi ak
saagakat yi ak ŋàppaaral yi, duñu am cér ci nguurug Yàlla.
11 Te loolu la ñenn ci yeen doonoon.
Waaye Yàllaa leen fóot, sellal leen, jubal leen, ci turu Sang Yeesu Almasi bi ak ci sunu Noowug Yàlla.

## *Na yaramu gëmkat bi teral Sang bi*

12 «Lépp laa am sañ-sañam,» lañu wax.
Waaye du lépp ay jariñe. Lépp laa am sañ-sañam, waaye duma nangu lenn man ma.
13 Ñenn a ngi naan: «Aw ñam, biir la ñeel;
te biir it, aw ñam la ñeel.» Muy dëgg it, te Yàlla mooy neenal ñam wi ak biir bi mu jëm. Waaye taxul yaramu gëmkat bi ñeel séy yi yoon tere. Sang bi kay la yaramu gëmkat bi ñeel, te Sang bi it, ñeel yaram wi.
14 Yàlla mi dekkal Sang bi nag, mooy
dekkal it sunu yaram ci kàttanam.
15 Xanaa xamuleen ne, seen yaram
mooy céri Almasi bi? Waaw, ndax damay jël céri Almasi bi, def ko céri gànc bu jigéen? Yàlla tere!
16 Xanaa xamuleen ne, kuy taqoo ak ab
gànc bu jigéen, mook moom, jenn jëmm lañuy doon? Ndaxte noonu lañu waxe ne: «Ñoom ñaar di wenn suux doŋŋ*.»
17 Waaye ku taqoo ak Sang bi, yaak
moom menn xel ngeen di doon.
18 Dawleen séy yi Yàlla tere! Mboolem
bàkkaar bu nit mana def, bàkkaar ba du jote dara ak yaramam, waaye moykat bi, yaramam lay lor di ko teg bàkkaar.
19 Dangeena xamul ne seen yaram mooy
màkkaanu Noo gu Sell gi ci yeen, Noo gi ngeen jote ci Yàlla? Moomuleen seen bopp,
20 ndax dees leena jot, ba fey njëg ga.
Kon nag seen yaram, terale leen ko Yàlla.

† **5.13** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 17.7. * **6.16** Seetal ci *Njàlbéen ga* 2.24.

# 7

## *Lu jëm ci mbirum séy*

1 Sama tont ci mbir mi ngeen ma bind
nag, moo di lu baax la ci góor, mu mucc ci
jigéen*.
2 Waaye moytu séy yi yoon tere, war na
tax ba góor gu nekk am jabaram, jigéen ju
nekk it am jëkkëram.
3 Jëkkër ji war naa def warugaru jëkkër
ci jabaram; naka noonu it, jabar ji war
naa def warugaru jabar ci jëkkëram.
4 Jigéen ji moomul yaramam, moom
doŋŋ, waaye jëkkër ji it am na ci sañ-sañ.
Naka noonu it, jëkkër ji moomul
yaramam, moom doŋŋ, waaye jabar ji it
am na ci sañ-sañ.
5 Buleen di xañante seen bopp, ndare du
yeena mànkoo ab diir, ngir bokk tënku ci
ñaan. Waaye gannaaw loolu, delluleen di
ànd, bala leena Seytaanee xiirtal ci moy,
ndax tëlee téye seen bopp.
6 Loolu ma leen wax nag mooy li leen
yoon may, waaye du ndigal.
7 Ndaxte su ma sañoon kay ñépp toog ni
man; waaye ku nekk ak jagleb boppam bu
ko Yàlla baaxe, kii lii, kee lee.
8 Li may wax gëmkat ñi séqul ak kenn ab
séy, ak ñi seen jëkkër faatu daal moo di, su
ñu wéyee toog noonu ni man mii, lu baax
la ci ñoom.
9 Waaye su ñu manula màndu, nañu séy,
ndax séy moo gën seen xéraangey bakkan
xabtal leen.
10 Ñi séq ab séy nag, maa leen dénk lii, te
du sama ndigal, ndigalal Boroom bee.
Jabar ji, bumu teqalikoo ak jëkkëram.
11 Te bu teqalikoo ak jëkkëram it, na toog,
baña séyaat, mbaa mu juboo ak jëkkëram.
Te jëkkër ji it bumu fase jabaram.
12 Ñi ci des nag, li ma xalaat te du
Boroom bee ko wax, maa ko waxal sama
bopp, moo di: ab gëmkatub Almasi bi, bu
amee jabar ju gëmul, te teewul mu nangu
koo séyal ba tey, bumu ko fase.
13 Ab gëmkatub Almasi bi it, bu amee
jëkkër ju gëmul, te teewul mu nangoo nekk
ak moom, bumu tas.
14 Ndaxte jëkkër ji gëmul, day daldi séddu
cellte ndax jabaram ja dib gëmkat, te jigéen
ji gëmul it, day séddu cellte ca jëkkëram jay
gëmkat. Su dul woon noonu doom yu
ngeen ca am di ñu sobewu, te bir na ne
doom yu ngeen ca am, ñu sell lañuy doon.
15 Ndegam nag ki gëmul daa bëgga dem,
na dem. Su demee noonu, mbokkum
gëmkat bu góor bi, mbaa ku jigéen ki
amatul benn gàllankoor, waaye ci jàmm la
leen Yàlla woo.
16 Yaw miy jabar ji nag sa texey jëkkër
man naa jaare ci yaw, jombul; yaw jëkkër
ji it, sa texey jabar jaare ci yaw, jombul.
17 Lu ko moy nag, ku ci nekk, cér ba la
Boroom bi séddoon, noonee nga nekke
woon ba la Yàlla di woo, nanga ko wéye.
Loolu laa santaane ci mboolooy gëmkat
ñépp.
18 Ki xarafoon bala ñu koy woo, bumu
làq màndargam xaraf ma. Ki xaraful woon
ba ñu koy woo, bumu xaraf.
19 Xaraf amul solo, ñàkka xaraf amul
solo. Li am solo moo di topp ndigali Yàlla.
20 Ku nekk, nekkin wi nga nekke woon
ba ñu lay woo, nanga ko wéye.
21 Ndax ab jaam nga woon, ba ñu lay
woo? Amul solo. Waaye soo manee
yiwiku, yiwikul.
22 Ki ñu woo ci Sang bi, fekk ko mu dib
jaam, mooy ki Sang bi goreel. Naka
noonu, gor si ñu woo, ab jaamu Almasi bi
lay doon.
23 Gannaaw feyees na seen njëg, ba jot
leen nag, buleen doon jaamub nit.
24 Bokk yi, ku ci nekk daal, nekkin wa
nga nekke woon ba ñu lay woo, wéye ko
rekk fi kanam Yàlla.
25 Ci wàllu janq ji séyagul, awma ci
ndigalu Boroom bi, xanaa ma wax ci sama
xalaat bu mata gëm, ndax yërmande ji ma
Boroom bi baaxe.
26 Lii mooy li ma foog ne mooy li baax,
ndax njàqarey jamonoy tey. Li baax ci nit
ki daal mooy mu wéye li muy dund tey.
27 Ndax dangaa am jabar? Bul sàkku
pase. Am amuloo jabar? Kon bul sàkku
jabar.

* **7.1** Li Póol ne lu baax la ci góor, mu mucc ci jigéen, jombul muy waxi boppam. Waaye man naa doon it waxi waa Korent yu mu jottali.

28 Waaye nag soo takkee jabar,
bàkkaaruloo; ab janq it, bu séyee, bàkkaarul.
Waaye ñi séq ab séy dinañu am naqaru
àddina, te naqar woowu laa leen bëggoona
fanqal.

29 Li may wax, bokk yi, moo di, li des
yàggatul. Kon nag bés niki tey, na ñi am
jabar mel ni bu ñu ko amul woon;
30 ñiy jooy mel ni ñu jooyul; ñi bég, mel
ni ñu bégul; ñi jënd, mel ni ñu moomul li ñu
jënd;
31 ñiy jariñoo alalu àddina, bañ cee xér,
ndax melow àddina sii tey, day wees.

32 Sama coobare mooy, yeen gëmkati
Almasi bi, ngeen mucc ci xalaat yu ub
seen bopp. Te ku amul jabar, mbiri
Boroom bi lay xalaat ak nu muy dabe
bànneexu Boroom bi.
33 Waaye ku am jabar, mbiri àddina lay
xalaat ak nu muy dabe bànneexu jabaram,
34 mu daldi ŋarale. Jigéen ju séyul, mbaa
ab janq, mbiri Boroom bi lay xalaat, di
namma sellal yaramam akum xelam.
Waaye kiy séy, mbiri àddina lay xalaat ak
nu muy dabe bànneexu jëkkëram.
35 Lii nag, seen njariñ a ma ko taxa wax,
nammuma leen koo tege ab gàllankoor, li
ma ci namm mooy ngeen di def li jekk, te
taxawal temm Boroom bi, taxawaay bu
leen benn xalaatu àddina dul féle.

36 Waaye su amee ku jàpp ne jëfewul nu
jekk ak janq bu mu digool ab séy, te janq
ba jëm mag[†], ba mu xalaat ne takk ko rekk
moo ci war, na matal yéeneem, takk ko. Su
defee noonu, bàkkaarul.
37 Waaye ki dogu dëgg ci xolam, te du
ndigalu gàntal lu mu sañula bañ, xanaa ci
sagoy boppam doŋŋ la dogoo ne du jël
janq bi mu digooloon ab séy, kooku ba tey,
def na lu baax.
38 Kon ki jël ab janqam bu mu digool ab
séy, def na lu baax, waaye ki jëlul ab
janqam moo def li gën.

39 Jabar nag, buumu jëkkëram a ngi ci
baatam, li feek jëkkëram a ngi dund.
Waaye su jëkkër ji faatoo, sañ naa séy ak
ku ko neex, ndegam gëmkatub Almasi bi la
séyal.
40 Doon na gëna bég nag, su toogoon,
baña séyaat, ci sama xalaat, te man it defe
naa ne Noowug Yàlla mu ngi ci man.

# 8

## *Lu jëm ci ñam wu ñu sarxal ay tuur*

1 Su dee wàllu ñam wu ñu sarxal ay tuur,
dëgg la, nun ñépp am nanu xam-xam ci
moomu mbir. Xam-xam nag day tax nit a
réy-réylu, waaye cofeel day yokke.
2 Ku xalaat ne yaa xam lenn, xamaguloo
ni nga wara xame.
3 Waaye ku sopp Yàlla, Yàlla xam la.
4 Kon su dee wàllu ñam wu ñu sarxal ay
tuur, xam nanu ne ay tuur du dara ci
àddina, te Yàlla kenn la.
5 Doonte am na yu ñuy woowe ay yàlla,
te muy lu nekk ci asamaan mbaa ci suuf,
te dëgg la, bare na ñu ñu néey ay yàlla lañu,
bare na it ñu ñu néey ay sang lañu.
6 Teewul ci sunu wàllu bopp, jenn Yàllaa
am, muy Baay bi lépp jóge ci moom, te
sunu bakkan ñeel ko, benn Sang doŋŋ a
am, muy Yeesu Almasi bi lépp ame ci
moom, te sunu bakkan, ci moom la ame.
7 Waaye du ñépp a xam loolu. Am na
gëmkat ñu seen miineelu tuur yi bàyyeegul,
ba léegi, te moo tax bu ñu lekkee ñam wu
ñu foog ne saraxi tuur la, seen xel mu
daladi moo leen di foogloo ne sobe toppe
na leen ca ñam wa.
8 Waaye du wenn ñam wu nuy jegele ak
Yàlla. Nu lekk ko, ak nu bañ koo lekk, du
nu yokk, du nu wàññi.
9 Waaye ni ngeen di dunde seen
sañ-sañu bopp, dangeen ciy xool ñi seen
ngëm dëgërul, ngir ngeen bañ leena yóbbe
bàkkaar.
10 Yaw mi réy xam-xam, ku la gis ca
ndab la ca jaamookaayu tuur ya, su dee ab
gëmkat bu xelam daladi ndax ngëm gu
desee dëgër, mbaa du ko xiir ci roy la, ba
mu lekk ca ñamu sarax sa?
11 Te su demee noonu nag, su boobaa sa
xam-xam bu réy ngay sànke sa mbokkum
gëmkat bu néew doole boobu Almasi bi
deewal!

† **7.36** Manees na koo tekkee nii itam: *te xemmemtéefam ci ndaw si ëpp ko doole,*

12 Su ngeen tooñee noonu bokki gëmkat
ñi, ba yàq seen xel mu daladi, kon de
Almasi bi ngeen tooñ.
13 Moo tax, su dee aw ñam wu ma lekk
mooy tax ma bàkkaarloo sama mbokkum
gëmkat, dootuma lekk mukk aw yàpp ci
àddina, ngir baña bàkkaarloo sama
mbokkum gëmkat.

# 9

*Póol muñ na lu ko lew*

1 Du maa moom sama bopp? Am du
man, ndawal Almasi bi laa? Xanaa
gisuma Yeesu sunu Boroom? Xanaa du
sama liggéey ci Sang bi, moo di yeen ci
seen bopp?
2 Ndegam ci ñeneen, man duma ndawal
Almasi bi, xanaa ci yeen boog, moom laa,
ndax liy firndeel sama sasu ndaw ci Sang
bi, yeen la.
3 Lii nag moo di sama tont ak ñi may
sikkal:
4 xanaa nun amunu sañ-sañu jël ag lekk
ak ag naan, ngir liggéey bi nu sasoo?
5 Am sañunoo yóbbaale mbokkum gëmkat
buy sunu soxna, ni yeneen ndawi Almasi
bi ak doomi ndeyi Sang bi, ak Sefas?
6 Am boog mennum man ak Barnabas
doŋŋ noo amul sañ-sañu ñàkka daan sunu
doole?
7 Kan moo masa ràngu liggéeyu coldaar,
te léppam war ko? Ana kuy jëmbat tóokërub
reseñ, te du lekk ca doom ya? Mbaa kan
mooy sàmm ag jur, te du naan ca soowum
jur ga?
8 Te lii may wax sax, du ci gis-gisu nit
doŋŋ laa ko teg, xanaa du yoonu Yàlla
itam, loolu la wax?
9 Bindees na ci yoonu Musaa kay ne:
«Bul ŋalaab gémmiñu nag te fekk koy bojj
am pepp*.» Ndax Yàlla nag yi doŋŋ la
tiisoo?
10 Am du noo tax muy wax? Nun kay
noo tax ñu bind loolu, ndax kuy bey, sañ
cee yaakaar, kuy bojj it, sañ cee yaakaar
wàllam.
11 Ndegam alali xol lanu ji ci yeen, su nu
góobee koomu àddina gu bawoo ci yeen,
ndax day ëpp?
12 Ndegam ñeneen a jagoo boobu sañ-sañ
ci yeen, astamaak nun.

Waaye nag jariñoowunu sañ-sañ boobu.
Lépp lanu far muñ, ngir baña gàllankoor
yoonu xibaaru jàmm bu Almasi bi.
13 Xanaa xamuleen ne, ñiy liggéeye ci
kërug Yàlla gi, ci kërug Yàlla gi lañuy jële
seen lekk, te ñi sasoo sarxalukaay bi, am
nañu wàll ci sarax ya ñu fa joxe?
14 Naka noonu it, Sang bi moo digle ne
ñiy yégle xibaaru jàmm bi, nañu ci dund.
15 Waaye man jariñoowuma lenn ci
sañ-sañ yooyu, te binduma lii it ngir
defalees ma noonu. Xanaa dee sax a may
gënal—boobu sañ-sañu kañu daal, kenn du
ma ko yàqal!
16 Yégle xibaaru jàmm bi moom, du lu
may kañoo. Wartéef la wu ñu ma sas, te
ngalla man, su ma yéglewul xibaaru jàmm
bi!
17 Su ma yebu woona def lii ci sama
coobarey bopp, dinaa ci am peyoor.
Waaye gannaaw dees maa dénk ag caytu,
te ajuwul ci sama coobare,
18 kon ana lu ciy sama peyoor? Xanaa
ma man di yégle xibaaru jàmm bi ci dara,
ba duma jariñoo sañ-sañu dunde xibaaru
jàmm bi may yégle.
19 Te itam as gor laa, kenn moomu ma;
teewul jaamu ñépp laa def sama bopp,
ngir gëna iril Sang bi aw nit, ngir gëna
jëmale aw nit ci Sang bi.
20 Bu ma nekkee ci biir Yawut yi, ni
Yawut yi laay def, ngir iri leen. Bu ma
nekkee ak ñiy sàmm yoonu Musaa, damay
mel ni yoonu Musaa laay topp, ngir iri ñiy
sàmm yoonu Musaa, te man ci sama bopp,
sàmm yoonu Musaa waru ma.
21 Maak ñi amul yoonu Musaa, damaa
mel ni ku amul yoonu Musaa, ngir iri leen,
doonte ñàkkuma yoonu Yàlla, gannaaw
maa ngi ci yoonu Almasi bi.
22 Maak boroom ngëm yi desee dëgër,
damaa mel ni ku ngëmam desee dëgër, ngir
iri leen. Lépp laa def sama bopp ci ñépp, ak
nu mu mana deme, ba musal ñenn ci ñoom.
23 Loolu lépp def naa ko ndax xibaaru
jàmm bi, ngir am ci wàll.

* **9.9** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 25.4.

24 Xanaa xamuleen ne, ab rawante, ñépp
a cay daw, waaye kenn doŋŋ ay jël ndam
li? Dawleen nag ba jël ndam li.
25 Joŋantekati tàggat yaram yi, dañuy yar
seen yaram bu metti, te ñooñu kaalag
ndam guy seey doŋŋ lañu ci yaakaar,
waaye nun, kaalag ndam gu sax dàkk lanu
ci yaakaar.
26 Man nag noonu laay dawe, waaye
samaw xél ñàkkul ab jëmu. Noonu laay
këmëxee it, waaye dóoruma ci jaww ji.
27 Damay yar sama yaram yar bu metti
kay, ba moom ko, ndax ëllëg ñu bañ maa
doyadal, gannaaw bu ma xamalee ñeneen
kàddu gi ba noppi.

# 10

## *Jaar-jaari maam yedd na sët ya*

1 Bokk yi, bëgguma ngeen umple ko,
sunu maam yépp la niir wa yiiroon, te
ñoom ñépp a jàll géej ga*.
2 Ñoom ñépp lañu sóob sóobeb Musaa, ca
biir niir wa ak ca biir géej ga.
3 Ñoom ñépp, wenn ñamu kéemaanu Yàlla
wa, moom lañu lekk,
4 te ñoom ñépp, menn ndoxum kéemaanu
Yàlla ma lañu naan, ndax ñoo doon naane
ca doju kéemaanu Yàlla ga, doj wa leen
doon gunge, te doj wa Almasi bi la woon.
5 Teewul ñi ëpp ci ñoom, Yàlla amul woon
lu ko neex ci ñoom, ba tax ñu daanu, dee ca
màndiŋ ma.
6 Yooyu xew-xew ay misaal la, ngir nu
baña xemmem yëf yu bon, na ko maam ya
daan xemmeme.
7 Buleen doon ay jaamukati tuur, ni ko
ñenn ci ñoom doone woon. Noonu lañu
binde ne: «Mbooloo ma toog, di lekk aka
naan, nes tuut ñu jóg, di mbumbaay†.»
8 Bunu yebu ci séy yi yoon tere, ni ko
ñenn ci ñoom daa defe, ba tax ñaar fukki
junni ak ñett (23 000) ca mbooloo ma bokk
dee ci benn bés.
9 Bunu wut itam Almasi bi, ni ko ñenn ci
ñoom wute woon, ba tax ay jaan rey leen.
10 Buleen jàmbat, ni ñenn ci ñoom doon
jàmbate, ba tax malaakam reykat ba rey
leen.
11 Xew-xew yooyu dal maam ya ay
misaal la, te dees koo bind ngir nu jànge ci,
nun ñi mujug jamono yemool.
12 Moo tax ku yaakaar ne taxaw nga,
nanga moytu bala ngay daanu.
13 Benn nattu dabu leen bu moy nattu
yiy dale. Te it Yàllaa jara wóolu. Yàlla du
nangu ngeen tegoo nattu bu ngeen àttanul,
waaye nattu ba lay booleek pexe ma leen
cay génne, ba ngeen man koo dékku.

## *Dawleen bokkaale*

14 Kon kat, samay soppe, dawleen
bokkaale.
15 Njort naa ne boroomi xel laay waxal.
Kon àtteelleen seen bopp li ma leen wax.
16 Kaasu barke bi nuy barkeeloo, xanaa
du mooy bokk gi nu bokk ci deretu Almasi
bi? Te mburu mi nuy daggoo‡, du mooy
bokk gi nu bokk ci yaramu Almasi bi?
17 Gannaaw menn mburu la nag, doonte
ñu bare lanu, kon wenn yaram lanu, ndax
nun ñépp, menn mburu mi lanu bokk.
18 Xoolleen bànni Israayil ci wàllu deret.
Ñiy lekk yàppu juru sarax gu ñu rendi,
xanaa bokkuñu ak sarxalukaay bi ab
céram?
19 Ana kon lu sama wax jiy wund? Ndax
daa wund ne yàpp wu ñu sarxal tuur yi
tekki na lenn? Am daa wund ne tuur yi
tekki na lenn?
20 Li may wax kay moo di yooyu sarax,
rab yi la ñeel, waaye du Yàlla, te bëgguma
ngeen bokk ak rab yi lenn.
21 Dungeen mana naan ci kaasu Sang bi,
naan ci kaasu rab yi. Dungeen mana bokk
lekk ci ndabal Sang bi, bokk lekk ci ndabal
rab yi.
22 Am danuy yékkati fiiraangey Sang bi?
Danu koo ëpp doole?

## *Jëfeel say sañ-sañ tey sóoraale nit ñi*

23 «Sañees na lépp,» lañu wax. Waaye du
lépp ay jariñe. «Sañees na lépp,» waaye du
lépp ay yokke.

---

* **10.1** Ba bànni Israayil nekkee ca màndiŋ ma, Boroom bi moom ci boppam moo leen jiite woon, mel ni aw niir, ag bëccëg ngir gindi leen, su guddee mu doon taxaaru sawara, ngir niital leen. Seetal ci *Mucc ga* 13.20—14.31. † **10.7** Seetal ci *Mucc ga* 32.6. ‡ **10.16** ***mburu mi nuy daggoo:*** moom la gëmkat ñi di yéglee deewug Almasi bi. Seetal ci 11.26.

24 Bu kenn sàkku njariñal boppam,
waaye sàkkuleen seen njariñal moroom.
25 Lépp luy jaay marse, sañ ngeen koo
lekk te bañ cee luqatu lenn luy indi ngànt
cim xel,
26 ndax Boroom bee moom àddina ak li ci
biiram.
27 Bu leen ku gëmul woowee lekk, su
ngeen nangoo, mboolem lu mu leen
taajal, lekkleen, te bañ cee luqatu luy indi
ngànt cim xel.
28 Waaye bu leen kenn nee: «Lii ñam wu
ñu sarxal tuur yi la,» buleen lekk, ndax ka
leen ko xamal, ndax itam, ngànt lu wax jiy
indi cim xel.
29 Waxuma seenum xel yeen, waaye
xelu keneen ka laay wax.
Ana sax lu waral sama sañ-sañu bopp di
aju ci àtteb keneen ku am xelam amal
ngànt?
30 Bu ma yékkatee kàddug cant ba lekk
sama wàll, ana lees may sikke ci aw ñam
wu ma sante Yàlla?
31 Kon nag su ngeen di lekk, mbaa ngeen
di naan, mbaa ngeen di def leneen, lépp lu
ngeen di def, wutleen koo terale Yàlla.
32 Buleen may kenn lu muy def njombe:
du Yawut yi, du jàmbur ñi, du mbooloom
Yàlla mi.
33 Noonu laay def man ci sama bopp:
ñépp laay wuta neex, ci lépp. Sàkkuwuma
sama njariñal bopp, waaye njariñal lim bu
gëna takku, moom laay sàkku, ngir ñu texe.

# 11

1 Ni may roye Almasi bi, man ci sama
bopp, royeleen ma noonu.

## *Póol digle na ñu jekkal jataayu ñaan*

2 Maa ngi leen di sant ci ni ngeen may
fàttalikoo ci lépp ak ni ngeen saxoo samay
dénkaane, ni ma leen ko dénke.
3 Waaye nag bëgg naa ngeen xam ne
gépp góor, Almasi bi moo di boppam;
jigéen, góor moo di boppam, te Almasi bi,
Yàlla moo di boppam.
4 Kon gépp góor guy ñaan, mbaa muy
waxe kàdduy waxyu, bu muuree boppam,
suufeel na Almasi biy boppam.
5 Waaye jépp jigéen juy ñaan, mbaa muy
waxe kàdduy waxyu, te muurul boppam,
suufeel na jëkkëram jiy boppam. Day mel
ni bu nelu woon rekk.
6 Jigéen ju nanguwula muuru, bu yeboo
xuuf kawaram. Ndegam am na kersay
xuuf kawaram, mbaa mu nelu nag, fàww
mu muur boppam.
7 Góor moom du muur boppam, ndax
mooy takkndeeru Yàlla te moo taxawe
darajay Yàlla. Waaye jigéen moo taxawe
darajay góor,
8 ndax góor kat, jëleesu ko ci jigéen,
waaye jigéen kay lañu jële ci góor.
9 Góor itam, sàkkeesu ko ngir jigéen,
waaye jigéen kay lañu sàkk ngir góor.
10 Looloo tax jigéen wara fésal kilifteef ci
kaw boppam, ndax malaaka yi teew*.
11 Teewul nag ci yoonu Sang bi, jigéen
manula ñàkka wéeru ci góor, góor it
manula ñàkka wéeru ci jigéen,
12 ndax ni jigéen bàyyikoo ci góor, noonu
la góor juddoo ci jigéen, te lépp fa Yàlla la
bawoo.
13 Seetalleen ko seen bopp rekk, ndax
jekk na ci jigéen, muy ñaan ci Yàlla, te
muurul boppam?
14 Xanaa ni àddina ci boppam tëdde
xamalu leen ne yar kawar gàcce la ci góor?
15 Ndaxam kawar gu bare sagu jigéen la.
Jigéen lañu jagleel kawar gu bare, muy
muuraayam.
16 Waaye ku bëgga werante ci leneen it,
nun loolu du sunu baax, te du baaxu
mbooloom Yàlla mi.

## *Jekkalleen reeru Sang bi*

17 Waaye lii ma leen digal, am na ci lu
ma leen gërëmewul, ndax du njariñ la
seeni ndaje di jur, xanaa loraange.
18 Benn, dégg naa am na ay féewaloo ci
seeni ndaje, te am na lu ma ci gëm.
19 Fàww sax mu am ay xaajaloo ci seen
biir, ngir ñi seen ngëm wér mana fés ci
seen biir.
20 Bu ngeen dajee benn béreb, bokk
reeru Sang bi taxul,
21 ndax bu ngeen dee lekk, ku nekk,
reeru boppam lay njëkkantee lekk, ba tax
ñenn ci yeen xiif, fu ñeneen naane ba
màndi.

* **11.10** Seetal ci *Efes* 3.10.

22 Xanaa amuleen kër yu ngeen di lekke
aka naane? Am mbooloom Yàlla mi ngeen
sofental, di rusloo ñi amul? Ana lu ma
leen di wax? Dama leen koy gërëme?
Loolu de duma leen ci gërëm.
23 Man, li ma jële ci Sang bi, moom laa
leen jottali: Sang Yeesu, guddi gi ñu ko
woree, dafa jël mburu,
24 yékkati kàddug cant, dagg ko, ne: «Lii
moo di sama yaram wi leen ñeel. Deeleen
def lii, di ma ko fàttalikoo.»
25 Noonu itam la def ak kaas ba,
gannaaw reer ba, ne leen: «Kaas bii mooy
kóllëre gu yees gi fasoo ci sama deret.
Deeleen def lii, di ma ko fàttalikoo, saa yu
ngeen ci naanee.»
26 Saa su ngeen lekkee ci mburu mii,
mbaa ngeen naan ci kaas bii, yégle ngeen
deewug Sang bi, ba kera muy ñëw.
27 Moo tax, képp ku jekkadi nu mu lekke
ci mburu mi ak nu mu naane ci kaasu
Sang bi, tooñ nga yaramu Sang bi ak
deretam.
28 Kon na ku nekk seetlu boppam, doora
lekk ci mburu mi, naan ci kaas bi.
29 Ndax ku lekk ci mburu mi, naan ci
kaas bi, te joxul gëdd yaramu Almasi bi, ab
daan bu mu teg boppam la lekk, naan ko.
30 Looloo tax ngeen bare ñu néew doole
ak ñu xiibon, ba lim bu takku dee.
31 Su nu doon seetlu sunu bopp, deesu
nu àttee noonu.
32 Waaye Boroom bee nuy teg ay daan
ngir yare nu ko, ba deesu nu mbugalaale
ci biir àtteb àddina.
33 Kon nag bokk yi, bu ngeen dajee, ngir
bokk lekk, xaaranteleen.
34 Ku xiif, na lekke këram, ngir seeni
ndaje bañ leena jural ab daan.

Yeneen mbir yi nag, bu ma dikkee,
dinaa ko leeral.

# 12

## *May yi jóge ci Leerug Yàlla bare na te wuute*

1 Léegi nag bokk yi, bëgguma ngeen
umple ci wàllu mayi Noowug Yàlla.
2 Bokk yi, xam ngeen ne ba ngeen dee ay
yéefar, dees leena buuboon, lajjal leen,
jëme ci ay tuur yu tëlee wax.
3 Moo tax ma di leen biral ne amul kenn
kuy waxe Noowug Yàlla ku naan: «Alkànde
ñeel na Yeesu.» Te it kenn manul ne:
«Yeesu moo di Sang*,» te du lu ko Noo gu
Sell gi xamal.
4 Mayi Noo gi wuute na, waaye genn
Noo gi la.
5 Liggéeyin yi man naa wuute, waaye
benn Boroom bi la.
6 Jëf ji it man naa wuute, waaye jenn
Yàlla ji mooy jëf lépp ci ñépp.
7 Ku nekk nag, ak na mayu Noo giy feeñe
ci moom, ngir njariñal ñépp.
8 Kii ci Noo gi la jote kàddu gu xelu, kee
séddoo kàddug xam-xam ci genn Noo gi.
9 Kale jagoo ngëm ci genn Noo gi, ka ca
des jële mayug faje ci genn Noo googu.
10 Kii itam di def ay kéemaan, kee di
waxe kàdduy waxyu, kale mana ràññaatle
noo yu wuute, keneen di làkk xeeti làkk yu
wuute, ka ca des mana firi ay làkk.
11 Loolu lépp, genn Noo googu moo koy
def, ku nekk, mu sédd la ci, ni mu ko soobe.

## *Cér bare na, te yaram di wenn*

12 Noonu yaramu nit nekkee wenn te di
cér yu bare, ak noonu mboolem céri
yaram dee wenn yaram wi, ak li cér yiy
bare lépp, noonu rekk la itam ci Almasi bi.
13 Ci genn Noo gu Sell gi lañu nu sóobe ci
biir wenn yaram wi, nun ñépp, nu diy
Yawut, mbaa nu diy jàmbur, nu diy jaam,
mbaa nu diy gor, te nun ñépp, genn Noo gi
lañu nu nàndale.
14 Yaram du bennab cér, waaye cér yu
bare la.
15 Bu tànk noon: «Gannaaw man duma
loxo, kon bokkuma ci yaram,» loolu du ko
teree bokk ciw yaram.
16 Te bu nopp noon: «Gannaaw duma bët,
kon bokkuma ciw yaram,» loolu du ko tee
bokk ciw yaram.
17 Su yaram wépp doon bët, ana nooy
dégge? Su lépp doon nopp, ana nooy
xeeñtoo?
18 Waaye Yàlla moo teg cér bu ci nekk ci
yaram wi, ni mu ko soobe.
19 Bu lépp doon benn cér, kon ana yaram
wi?

* **12.3** Li ñu wax fii mooy Yeesu gannaaw ba mu deewee ba dekki mooy Sangu àddina wërngal këpp.

20 Cér yi daal bare nañu, waaye wenn
yaram wi la.
21 Bët nag manul ne loxo: «Soxlawuma
la!» Te bopp it manul ne ay tànk:
«Soxlawuma leen!»
22 Céri yaram yi gëna niru lu néew doole
sax, ñooy cér yi manula ñàkk.
23 Cér yi ñu gëna jàpp ne jarula gëddël, cér
yooyu sax lañu gënatee gëddël. Sunu cér yi
amul sutura, ñoom lañu gëna suturaal,
24 te yi am sutura soxlawuñoo suturaal.
Waaye Yàlla moo sàkk sunu yaram, sàkkin
wu mu ràññee cér yi gëna néew gëddë, te
moo leen gëddël,
25 ngir xaajaloo baña am ciw yaram, te
cér yi mànkoo ci di bàyyeente xel.
26 Bu benn cér mettee, mook cér yépp ay
bokk mitit wi. Bu dee benn cér lañu teral,
mook cér yépp ay bokk bànneexu.
27 Yeen nag yeenay yaramu Almasi bi, te
yeena diy céram, ku ci nekk ak wàllam.
28 Ñi Yàlla tabb ci biir mbooloom gëmkat
ñi, ñi ci jiitu ñoo di ndawi Almasi bi.
Ñaareel bi di ñiy waxe kàdduy waxyu,
ñetteel bi di jàngalekati kàddu gi. Ñi ci topp
di ñiy def ay kéemaan, ñi ci topp di ñi am
mayu faje ak ñi mane dimbalee ak ñi
mane jiite ak ñiy làkk yeneen xeeti làkk.
29 Ndax ñépp ay ndawi Almasi bi? Am
ñépp ay waxe kàdduy waxyu? Am ñépp ay
jàngalekati kàddu gi? Am ñépp ay def ay
kéemaan?
30 Am ñépp a am mayu faje? Am ñépp ay
làkk yeneen làkk? Am ñépp a mane tekki
ba?
31 Teewul nag, nangeen sàkku may yi
gën.

### *Cofeel moo gën lépp*

Waaye dinaa leen xamal yoonu dundin
wi gën ci lépp.

## 13

1 Su ma doon làkk làkki nit ñi ak yu
malaaka yi sax, te jëfewuma genn cofeel,
jóolóoli bu xumb doŋŋ laa, mbaa tëggum
weñ muy riir.
2 Su ma jotoon ci kàdduy waxyu, boole ci
xam mboolem kumpa ak mboolem
xam-xam ak ngëm gu mat sëkk ba mana
toxal ay tund, te jëfewuma cofeel, duma
dara.
3 Te it su ma sarxe woon mboolem sama
alal, ba sarxe sama yaramu bopp ngir ñu
lakk ko*, su ma jëfewul cofeel, loolu du ma
jariñ dara.
4 Cofeel nag, muñ ak mbaax la. Cofeel
bokkul ak kiñaan, bokkul ak jikkoy kañu
aka damu.
5 Bokkul ak jëf ju jekkadi ak jiital sa
njariñal bopp, bokkul ak naqari deret,
bokkul ak denc mer.
6 Bokkul ak bége lu jubadi it, waaye moo
di bége liy dëgg.
7 Cofeel moo di: lépp, nga baale; lépp,
nga gëm; lépp, nga yaakaar; lépp, nga
dékku.
8 Cofeel nag du jeex mukk. Su dee
kàdduy waxyu, dina wéy; su dee ay làkk,
dina selaw; su dee xam-xam, dina xewwi.
9 Ndaxte as ndog lanu xam, te as ndog
lanuy waxe kàdduy waxyu.
10 Waaye keroog bu li matale dikkee,
ndog si wéy.
11 Ba ma dee tuut-tànk, ni tuut-tànk laa
doon waxe, di dégge dégginu tuut-tànk, di
xalaate ni tuut-tànk. Waaye bi may mag
laa xewwil yëfi tuut-tànk.
12 Tey jii ci ab seetu lanuy gise gis-gis bu
lënt. Waaye bu keroogee, màkk lanuy
jàkkaarloo ak li nuy xool. Tey jii, as ndog
laa xam, waaye su keroogee, ni ñu ma
xame, ni laay xame ba mu mat sëkk.
13 Léegi nag liy sax moo di: ngëm ak
yaakaar ak cofeel; yii ñett la, te li sut ci
yooyii moo di cofeel.

## 14

### *Lu jëm ci waxyu aki may ci wàllu làkk*

1 Xintewooleen cofeel, te ngeen sàkku
mayi Noo gu Sell gi, rawatina mayug waxe
kàdduy waxyu,
2 ndax kiy làkk weneen làkk, du nit ñi lay
waxal, waaye Yàlla lay waxal, gannaaw
kenn déggul li muy wax. Teewul ci Noo gi
lay waxe ay kumpa.
3 Waaye kiy waxe kàdduy waxyu, nit ñi
lay waxal, di feddalee, di ñaaxe ak di dalal
xel.

* **13.3** mbaa *ba man koo damoo,*

4 Kiy làkk yeneen làkk, boppam lay
feddali, waaye kiy waxe kàdduy waxyu,
mbooloom gëmkat ñi lay feddali seen
ngëm.
5 Su ma sañoon ngeen di làkk yeen ñépp
yeneen làkk, waaye ngeen di waxe kàdduy
waxyu moo ma gënal. Kiy waxe kàdduy
waxyu moo ëpp njariñ kiy làkk yeneen
làkk, ndare ñu tekki li muy làkk, ba
mbooloom gëmkat ñi jële ca lu ñu
feddalikoo.
6 Léegi bokk yi, su ma leen dikke woon
yeneen làkk yu may làkk, ana lu ma leen di
jariñ? Dara, xanaa ma àgge leen kàddug
peeñu, mbaa xam-xam, mbaa waxyu,
mbaa digle.
7 Noonu la itam ci jumtukaayi po yi
dundul tey jibal coow; muy toxoro mbaa
xalam. Su yooyu jumtukaay jiinul galan
yu leer, ana nees di xame li toxoro ji,
mbaa xalam giy wax?
8 Ag liitu xare it, su jibalul woote bu leer,
ana kuy waajal ab xare?
9 Noonu la ci yeen itam. Seen làmmiñ, su
ngeen ci waxul kàddu gu leer, ana nees di
xame li ngeen di wax? Ci jaww ji rekk
ngeen di wax!
10 Ak ni làkki àddina baree te wuute lépp,
wenn ñàkku ci am piri.
11 Baat bu jib nag, su ma xamul
tekkiteem, ab jàmbur laay doon ci kiy wax,
te kiy wax it, ab jàmbur lay doon ci man.
12 Kon yeen itam, gannaaw ñu xér ngeen
ci mayi Noowug Yàlla, fexeleen cee am lu
ne xéew, ngir feddali mbooloom gëmkat ñi.
13 Moo tax kiy làkk weneen làkk wara
ñaan ngir ñu xam pireem.
14 Su may ñaan ci weneen làkk, sama xol
ay ñaan, waaye samam xel liggéeyul.
15 Kon ana nees di def? Naa ñaane sama
xol, tey ñaane samam xel itam. Naa
sàbbaale sama xol, tey sàbbaale samam xel
itam.
16 Soo yékkatee kàddug cant goo waxe xol
doŋŋ, ana nu nit ku xamul ku ko teewe
naan: «Amiin,» te xamul li ngay wax?
17 Ndaxam yaw, rafet nga kàddug cant,
waaye sa kàddu feddaliwul keneen ku ciy
dégg.
18 Sant naa Yàlla ndegam maay làkk
yeneen làkk ba raw leen, yeen ñépp.
19 Waaye fu mbooloom gëmkat ñi daje,
juróomi baat yu ma waxe samam xel ngir
jàngale, moo ma gënal junniy baat yu ma
waxe weneen làkk.
20 Bokk yi, buleen doon ay xale ci wàllu
déggin. Su dee lu bon, nekkleen ci ay
tuut-tànk, waaye màggleen ci wàllu déggin.
21 Bindees na ci Mbind mi ne:
«Ay nit ñuy làkk,
ay làmmiñi doxandéem,
ci laay waxe ak askan wii,
te taxul ba tey ñu déglu ma.
Boroom bee ko wax*.»
22 Kon nag, yeneen làkk, kàddu ya du ci
gëmkat ñi la di firnde, waaye ci ñi gëmul la
di firnde. Te it waxe kàdduy waxyu, du ci
ñi gëmul la di firnde, waaye ci gëmkat ñi la
dib firnde.
23 Léegi nag su mbooloom gëmkat mépp
dajee béreb, ñépp di làkk yeneen làkk, bu ay
nit ñu xamul mbaa ñu gëmul duggsee,
duñu ne dangeena dof?
24 Waaye su ñépp dee waxe kàdduy
waxyu, ba ku gëmul, mbaa ku xamul
duggsi, kàddu ga la ko ñépp di tiiñale, àggee
ko ko ab àtteem,
25 ba la làqu woon ca biir xolam, daldi
leer. Su ko defee mu ne dàll dëpp jëëm ci
suuf, sujjóotal Yàlla, te naan: «Aylayéwén
Yàllaa ngi ci seen biir!»

### *Ndajem gëmkat ñi jar naa rafetal*

26 Kon nag ana nees di def, bokk yi? Bu
ngeen dajee, kii am woyu cant, kii am lu
muy jàngale, kee am am peeñu, kale am lu
muy waxe weneen làkk, keneen am am
piri, loolu lépp na ko feddali ngëm taxa jóg.
27 Su dee weneen làkk lees di wax, na
ñaar ba gën gaa bare, ñett, toppante, te
kenn di firi.
28 Su amul kuy firi, bu kiy làkk làkk wi
biral lenn ci jataayu mbooloo mi. Na yelu
ngir boppam ak Yàlla.
29 Ñiy waxe kàdduy waxyu, na ci ñaar ba
ñett wax, te ñi ci des natt wax ji.
30 Su keneen ci jataay bi amee am
peeñu, na ki doon wax noppi.

* **14.21** Seetal ci *Esayi* 28.11-12.

31 Ndax kat yeen ñépp man ngeena
kenn-kennoo, di waxe kàdduy waxyu, ngir
ñépp jànge ca, ba gëna farlu.
32 Biralkati kàdduy waxyu yi ñoo wara
jiite xel mi ñuy waxe,
33 ndax Yàlla du Yàllay salfaañoo, Yàllay
jàmm la.
Ci mboolem mboolooy ñu sell ñi nag,
34 na jigéen ñi noppi ci biir mbooloo yi,
ndax mayeesu leen ñu wax ci yooyu
jataay. Na jigéen ñi nangu, ni ko yoon wi ci
boppam diglee.
35 Su amee lu ñu bëgga xam, ca kër ga
lañu koy laaj seen jëkkër, ndax jigéen di
wax ci biir mbooloom gëmkat ñi, gàcce la.
36 Ndax ci seen biir la kàddug Yàlla
bàyyikoo? Am ci yeen doŋŋ la agsi?
37 Ku ci xalaat ne moom jottalikatub
kàdduy waxyu la, mbaa mu yaakaar ne
dañu ko cérale ci Noowug Yàlla, war naa
xam xéll ne lii ma leen bind, santaaneb
Boroom bi la.
38 Ku ci xamul loolu nag, kooku,
xameesu ko.
39 Kon bokk yi, farluleen ci di waxe
kàdduy waxyu, te buleen aaye kuy làkk
yeneen làkk.
40 Waaye na lépp teggine te aw yoon.

# 15

## *Lu jëm ci ndekkitel Almasi bi*

1 Léegi nag bokk yi, ma fàttali leen
xibaaru jàmm bi ma leen xibaaroon, muy
lu ngeen gëm, sax ci,
2 te ci ngeen di texee, ndegam jàpp
ngeen bu dëgër ci kàddug xibaaru jàmm bi,
ni ma leen ko xamale. Lu ko moy ci neen
ngeen gëm.
3 Li ma jotoon laa leen njëkka jottali, te
moo di: Almasi bi moo dee ngir njotug
sunuy bàkkaar, te noonu la ko Mbind mi
indee.
4 Denc nañu ko, mu dekki ca ñetteelu fan
ba, te noonu la ko Mbind mi indee.
5 Mu feeñu Sefas, teg ca feeñu fukki
taalibe ya ak ñaar.
6 Gannaaw gi, mu feeñu lu ëpp juróomi
téeméeri bokki taalibe yu ko gisandoo, te li
ëpp ci ñooñu, ñu ngi dund ba léegi, doonte
am na ñu ci nelaw.
7 Gannaaw gi, mu feeñu Yanqóoba, teg ca
feeñu ndawi Almasi bi yépp.
8 Man nag la mujja feeñu, te ma dib liir
bu ab juddoom moy bésam,
9 ndax kat maa gëna ñàkk solo ci ndawi
Almasi bi, te yeyoowuma sax turu ndaw,
gannaaw maa doon bunduxataal
mbooloom Yàlla mi.
10 Ci yiwu Yàlla daal laa doone ki ma
doon, te yiw woowu ma ñeel neenul. Te
sax yeneen ndaw yépp sax, maa leen gëna
liggéey. Du ci man nag, waaye yiwu Yàlla
wi ànd ak man la.
11 Kon muy man, di ñoom, noonu lanu
waaree, te noonu it ngeen gëme.

## *Dekkal tëwul Yàlla*

12 Ndegam biral nañu ne Almasi bi
dekki na, ana nu ñenn ci yeen mane ne ñi
dee duñu dekki?
13 Su fekkee ne ñi dee duñu dekki, kon
Almasi bi it dekkiwul.
14 Su Almasi bi dekkiwul, sunu waare
neen na, te seen ngëm it neen na.
15 Te su boobaa nag ñu war noo jàppe ay
seedey fen-kati Yàlla, ndax noo seedeel
Yàlla, ne moo dekkal Almasi bi. Te dekkalu
ko, su dee ñi dee duñu dekki.
16 Ndaxte ñi dee, su ñu dul dekki kay,
Almasi bi it dekkiwul.
17 Su Almasi bi dekkiwul nag, seen ngëm
amul njariñ, te yeena ngi ci seeni bàkkaar
ba tey.
18 Te kon it ñi dee gannaaw ba ñu gëmee
Almasi bi, sànku nañu.
19 Su dee ci giiru dund gii doŋŋ lanu
ame yaakaar ci Almasi bi, kon de noo gëna
toskare ñépp.
20 Waaye nag Almasi bi dafa dekki
moos, te mooy saraxu ndoortel meññeef bi
ñu sàkke ci ngóobum bakkani nit ñi dee.
21 Ci nit la dee dikke ci àddina. Moo tax ci
nit itam la ndekkite dikke ci àddina.
22 Noonu nit bokke ci Aadama, ba tax
ñépp di dee, noonu la ñépp mana bokke ci
Almasi bi, ba tax ñu dundalaat leen, ñoom
ñépp.
23 Waaye ku nekk ak ayam: saraxu
ndoortel meññeef mi, Almasi bi la.
Gannaaw loolu ñoñi Almasi bi ñooy aye,
keroog bu délsee.
24 Gannaaw loolu la muj ga, te ca lay
delloo nguur gi kiy Yàlla, di Baay, fekk mu

neenal mboolem luy kilifteef ak mboolem
sañ-sañ ak doole.
25 Ndaxte fàww Almasi bi nguuru, ba
kera Yàlla di teg mboolem ay noonam ciy
tànkam.
26 Noon bu mujj bi ñuy neenal mooy dee,
27 ndax «lépp la Yàlla di jébbal Almasi bi,
teg ko fi ndëggoom*.» Waaye bu Yàlla nee:
«Lépp la koy jébbal,» bir na ne moom mi ko
jébbal lépp, bokku ci.
28 Bu ñu ko jébbalee lépp nag, su boobaa
moom Doom ji ci boppam mooy jébbal
boppam, ki ko jébbal lépp, ngir Yàlla di lépp
ci lépp.
29 Su fekkee ne ñi dee duñu dekki, kon ñi
ñu sóob ci ndox ngir ñi dee, lu ñu koy def,
doye? Gannaaw ñi dee duñu dekki, ana
lees leen di sóobe ngir ñi dee?
30 Te kon nun it, ana lu jar nuy jaay sunu
bakkan waxtu wu nekk?
31 Bokk yi, man de bés bu nekk ma
jàkkaarlook dee, ak sag bi ma leen di sagoo
ndax Yeesu Almasi bi sunu Boroom mi
ngeen gëm.
32 Su yaakaaru nit ci àddina doŋŋ taxee
may xeex ak ay rabi àll ca Efes, ana lu mu
may jariñ. Gannaaw ñi dee duñu dekki,
kon kay mooy li ñu ne:
«Nan lekk, naan, nde ëllëg nu dee†.»
33 Bu leen kenn nax: «Ànd bu bon yàq na
jikko ju baax.»
34 Delloosileen xel yi ci njub te bàyyi
bàkkaar, ndax ñàkka xam lenn ci Yàlla,
moom la ñenn ci yeen nekke, te loolu gàcce
la ci yeen, laa wax!

### *Yaram bare na te wuute*

35 Teewul nit a ngi naan: «Nan la ñi dee
di dekkee? Wan yaram lañuy dekkaale?»
36 Gàtt xel! Li nga ji, yaw ci sa bopp, du
dundaat li feek deewul ba noppi.
37 Te li nga ji du yaramu gàncax giy ñëw,
aw fepp kese la, man naa doon bele, mbaa
weneen jiwu.
38 Waaye Yàllaa koy jox yaram ni mu ko
soobe, te jiwu wu nekk ak melokaanu
gàncaxam.
39 Suux yépp nag du wenn suux wi. Wii
suux wu nit la, wee wu mala, wale wu
picc, wa ca des wu jën.
40 Am na itam ay yaram yu farewoo
asamaan ak ay yaram yu farewoo suuf.
Yaram wu farewoo asamaan nag, ag
leeram wuute na ag leeru yaram wu
farewoo suuf.
41 Jant bi ak leeru boppam, weer wi ak
leeru boppam, biddiiw yi ak seen leeru
bopp, te biddiiw sax wuute naak moroom
ma ag leer.
42 Noonu itam la ndekkitel ñi dee di
deme. Li ñu suul mooy jiwu wiy yàqu, te
bu dekkee dootul yàqu.
43 Ci ag teddadi lañu ji néew bi ñu suul, te
teraanga lay dekkaale. Ci néew doole lees
ko ji, mu dekkaale doole.
44 Li ñu suul mooy yaramu judduwaale
wi ñu ji, mu dekki di yaram wuy dunde
Noowug Yàlla. Ndaxte ni yaramu
judduwaale ame, ni la yaram wuy dunde
Noo gi ame.
45 Noonu lañu binde ne: «Aadama, nit ku
njëkk ka daldi doon boroom bakkan‡,»
waaye Aadama mu mujj mi moo di Noo
giy maye bakkan.
46 Du yaram wi bindoo Noo gi nag mooy
jiitu, waaye yaramu judduwaale wi mooy
jiitu, yaram wi bindoo Noo gi topp ci.
47 Aadama mu njëkk ma, ci suuf la jóge
woon, te ba tey di suuf; Aadamam ñaareel
mi jóge fa asamaan.
48 Kooka di suuf nag, na mu mel, ni la
niti suuf mel. Ku jóge ca asamaan it, na
mu mel, ni la ñu bokk ci asamaan ñi mel.
49 Te ni nu doone tey, takkndeeru nitu
suuf ka, noonu lanuy dooneji takkndeeru
ku asamaane ka.
50 Li may wax bokk yi, moo di suux ak
deret du am cér ci nguurug Yàlla, te luy
yàqu manula am cér ci lu dul yàqu.
51 Kaayleen ma xamal leen mbir mu
umpe. Dunu dee nun ñépp, waaye nun
ñépp ay soppiku.
52 Lu gaawa gaaw lay doon, ci xef ak
xippi, bu liit gu mujj ga jibee; nde liit ga
mooy jib, ñi dee, dekki, di ñu dul yàqooti,
nun nag, nu soppiku.
53 Sunu yaramu judduwaale wii nara
yàqu, fàww mu sol weneen wu dul yàqu;

* **15.27** Seetal ci *Taalifi cant* 8.7. † **15.32** Seetal ci *Esayi* 22.13. ‡ **15.45** Seetal ci *Njàlbéen ga* 2.7.

sunu yaramu dee wii, fàww mu sol
yaramu deetil.
54 Bu yaramu judduwaale wii nara yàqu
solee weneen wu dul yàqu, ba yaramu dee
wii sol yaramu ndeetil, su boobaa la kàddu
gii ñu bind di mat:

«Mëddees na dee ci géeju ndam§.
55 Moo yaw dee, ana sa ndam?
Moo yaw dee, ana sag fitt*?»
56 Dee, ag fittam mooy bàkkaar, te bàkkaar,
dooleem mooy yoon wi.
57 Waaye cant ñeel na Yàlla mi nu may
ndam ci sunu Sang Yeesu Almasi bi!
58 Kon nag yeen sama bokk yi ma soppal
sama bopp, farluleen, bu leen dara yëngal,
te saxooleena jëm kanam ci liggéeyu Sang
bi, te ngeen xam ne seenu ñaq, ci seenub
ànd ak Sang bi, du neen.

# 16

## *Lu jëm ci ndimbal lu ñeel gëmkati Yerusalem*

1 Ci wàllu ndimbal li jëm ci gëmkat ñu sell
ñi, noonu ma ko digale mboolooy gëmkati
diiwaanu Galasi, yeen itam defeleen ko
noonu.
2 Bés bu njëkk ci ayu bés yi, na ku nekk
génne as lëf ca la mu am, na mu ko àttane,
te mu dencal ko boppam, ngir bu ma
dikkee, dootul soxlaa wër, di dajale.
3 Bu ma dikkee, ñi ngeen tànn, ñoom laay
yebale ab bataaxal, ngir ñu yóbbu
Yerusalem seen ndimbal.
4 Su aajoo ma dem man itam, ñu ànd ak
man.

## *Póol mébét na, dénkaane na*

5 Dinaa dikk ba ci yeen, gannaaw bu ma
jaaree diiwaanu Maseduwan, ndax
Maseduwan laay jaare.
6 Man naa am ma yàgg ci yeen, jombul
sax ma lollikoo fi yeen. Su ko defee ngeen
yiwi ma, ma dem ak fu ma mana jëm.
7 Ndaxte itam, bëggumaa jaare fi yeen
rekk, jàll, waaye yaakaar naa toog ci yeen
ab diir, su ko Boroom bi mayee.
8 Waaye ci Efes gii laay toog ba màggalu
Pàntakot,
9 ndax bunt ubbikul na ma fi ŋàpp, ngir
liggéey bu am njariñ, te noon yi bare nañu.
10 Bu Timote dikkee nag, fexeleen ba
bumu am lu muy tiit ci seen biir, ndax
liggéeyu Boroom bi lay liggéey ni man.
11 Kon bu ko kenn xeeb. Gannaaw loolu
nangeen ko yiwi ak jàmm, ba mu délsi ci
man, ndax moom laay xaar, mook bokk yi
itam.
12 Mbokk mi Apolos nag moom, soññ
naa ko lu bare, ngir mu dikk ba ci yeen,
ànd ak bokk yi, waaye fii nu tollu yebuwu
ci dara. Teewul bu jekkoo, dina dikk.

## *Yeneen ndigal a ngi aki tàggatoo*

13 Teewluleen te saxoo ngëm,
góor-góorluleen te dëgërlu.
14 Lépp lu ngeen di def, defeleen ko
cofeel.
15 Bokk yi, xam ngeen ne Estefanas ak
njabootam ñooy saraxi ndoortel meññeef
ci diiwaanu Akayi, te jàppale ñu sell ñi lañu
séddoo. Kon dama leen di ñaan,
16 ngeen nangul nit ñu mel noonu, ñoom
ak mboolem ñu bokk ak ñoom liggéey bi ak
coono bi.
17 Maa ngi bége teewaayu Estefanas ak
Fortunatus ak Akaykus, ndax bi ngeen
wuutee tey, ñoo leen taxawal.
18 Dalal nañu sama xel ak seen mos,
yeen itam. Kon nit ñu mel noonu,
fonkleen leen.
19 Mboolooy gëmkati diiwaanu Asi nag
ñu ngi leen di nuyu. Akilas ak Piriska, ñu
ngi leen di nuyu bu baax ci turu Sang bi,
ñoom ak mbooloom gëmkat ñiy daje seen
kër.
20 Bokk yépp a ngi leen di nuyu.
Saafoonteeleen fóonante yu sell.
21 Man Póol maa bind tàggatoo bii ci
sama loxol bopp.
22 Ku bëggul Sang bi, na alku. Maranata
(muy firi sunu Sang, dikkal)!
23 Yal na yiwu Sang Yeesu ànd ak yeen.
24 Sama cofeel ñeel na leen, yeen ñépp, ci
Yeesu Almasi bi nu bokk.

§ **15.54** Seetal ci *Esayi* 25.8. * **15.55** Seetal ci *Ose* 13.14.

# 2.Korent
## muy ñaareelu bataaxal bi Póol bind waa Korent

Ci bataaxal bii, Póol bindaat na mbooloom gëmkat yi nekk Korent, ngir tontu ci tuumaal yi ñu ko teg ne du ndawal Almasi bi dëgg. Dañoo sàggi sagam, tuumaal ko ne li muy liggéey lépp dafa koy def ngir jariñoo ko.

Póol setal na boppam, wax ne jawriñu Yàlla dëgg la, ngir seen njariñ. Te it Póol fàttali na leen ne mu ngi doon liggéey ci defar ay xayma (*Jëf ya* 18.3), ngir baña wéeru ci ñoom. Firnde ak kéemaan yiy màndargaal ndawal Almasi bi, Póol feeñal na ko ci ñoom. Li ëpp solo mooy bi mu waxee ne ci ndigalu Yàlla la nekke ndawal Almasi bi. Póol mottali na li ñu ko yónni, doonte jànkoonte na ak ay fitna. Yékkati Almasi bi, moo tax mu wàcce boppam ci kanamu nit ñi yég seen bopp, di ko tuumaal.

Ci bataaxal bi, Póol fàttali leen ndimbal li muy dajaleel gëmkat ya ca Yerusalem (*Room* 15.26). Dafa yaakaar ne ndimbal loolu dina wone bennoo bi nekk ci gëmkati Yawut yi ak ñeneen ñi dul Yawut.

Ci tënk:

1.1—7.16 Póol liggéeyu ndawal Almasi bi la def.
8.1—9.15 Póol ñaan na ndimbal lu jëm ca gëmkat ya néew-doole ca Yerusalem.
10.1—13.13 Póol setal na boppam ci liggéeyu ndaw bi muy def.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Póol, ndawal Almasi Yeesu ci coobarey Yàlla, ci man la bataaxal bii bawoo, bawoo itam ci Timote mbokk mi, ñeel mbooloom Yàlla mi ci Korent ak mboolem ñu sell ñi ci diiwaanu Akayi gépp.

2 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, bawoo fa Yàlla sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.

### *Yàlla mooy dëfal xol yi*

3 Cant ñeel na Yàlla sunu Baayu Sang Yeesu Almasi bi, Baayu yërmande yi, Yàlla jiy dëfale nu nekk,

4 moom mi nuy dëfal ci sunu jépp njàqare, ngir noonu nu jote nun ci sunu bopp, ndëfalaay lu nu dëfalu fa Yàlla, nu man koo dëfale ñi nekk ci mboolem xeeti njàqare.

5 Ndax kat coonoy Almasi bi, nu mu gëna yokkoo ci sunu kaw, ndax li nu ko gëm, noonu itam la ndëfalaay liy bawoo ci Almasi bi di yokkoo.

6 Su nu jaaree ci njàqare, seen ndëfalaay ak seen jàmm lay doon. Su nu amee ndëfalaay it, seen ndëfalaay lay doon, ngir coono yi nuy dékku, ngeen man koo dékku, yeen itam.

7 Te itam am nanu yaakaar ci yeen bu baax. Xam nanu ne ni ngeen bokke ak nun coono, ni ngeen di bokke ak nun ndëfalaay.

8 Ndax kat, bokk yi, bëggunu ngeen umple njàqare ji nu daj ci diiwaanu Asi. Daj nanu coono bu jéggi dayo, te wees sunu kàttan, ba yaakaaratunu woona dund sax.

9 Nun ci sunu wàllu bopp, jàppoon nanu ne sunu àtteb dee moo taxaw. Waaye loolu tax na nu bañatee yaakaar sunu bopp, xanaa di yaakaar Yàlla miy dekkal ñi dee.

10 Moo nu wallu ci googu dee gu naroona metti, moo nuy walluwaat, te moom lanu yaakaar mu wallooti nu.

11 Yeen itam, ni ngeen nu ciy jàppalee mooy ngeen di nu ñaanal. Su ko defee yiw wa nu ñu bare ñaanal ba nu am ko, dina tax ñu bare biral ag cant ci sunu mbir.

### *Póol biral na jëfinam ak mébétam*

12 Li nuy damoo nag moo di seede bi nu sunu xel mu dal seedeel, ne xol bu set ak jikko ju dëggu ju bawoo fa Yàlla, mooy li nu doxale ci àddina si, rawatina sunu digganteek yeen, te du lu nu sunu xam-xamu nitu neen may, waaye yiwu Yàlla moo nu ko may.

13 Bindunu leen leneen lu moy mbind moomu ngeen jàng te man koo xam. May yaakaar nag ne dingeen xam ba mokkal,

14 noonu ngeen xawa xame ne nun, man ngeen noo damoo, te nun it, yeen la nuy damoo, keroog bésu Sang Yeesu.

15 Kóolute gu ma amoon ci ni ngeen nuy damoo moo tax ma naroona njëkka dikk

ba ci yeen, ngir seen yiw mana doon ñaar,
ngir nu mana gise ñaari yoon,
16 ba bu ma jógee ci yeen, daldi jaareji ci
diiwaanu Maseduwan, bu ma jógee
Maseduwan, dikkaat ci yeen, ba ngeen
yiwi ma, ma jëm Yude.
17 Ndax ñàkk pastéef laa mébéte moomu
mébét? Am ni nitu suuxu neen di mébéte
rekk laa topp bay xel ñaar, naan «waaw»,
naan «déet»?
18 Yàlla mi mata gëm de seede na ne
kàddu gi nu leen di wax du «waaw, déet,»
19 ndax Doomu Yàlla, Yeesu Almasi bi nu
biral ci seen biir, man ak Silwan* ak
Timote, du kàddug «waaw, déet;» «waaw»
doŋŋ a nekk ci moom.
20 Ak li digey Yàlla di bare lépp, ci Almasi
bi la ay digeem di doone «waaw». Moo tax
itam, ci moom lanu naan Yàlla: «Amiin»,
ngir delloo ko njukkal.
21 Te ki nuy saxal ci Almasi bi, nook
yeen, moo nu tabbe diwu pal gi, te moo di
Yàlla.
22 Moo nu màndargaale xàmmikaayam, te
moo yeb dawalub Noo gu Sell gi ci sunu
biir xol.
23 Man nag seedey Yàlla laa ciy sàkku, giñ
naa ko ci sama bakkan, bañ leena yokku
naqar moo tax délsiwuma Korent.
24 Du caageenu yilif seen ngëm nag,
ndax ci ngëm ngeen sax, waaye nook yeen
ay liggéey, ngir seen mbégte.

## 2

1 Man nag li ma dogu mooy lii: du teg
leen aw naqar laay délsee ci yeen,
2 ndax su ma leen naqaralee, ana kuy
seral sama xol ku dul yeen ñi ma naqaral?
3 Looloo taxoon ma binde noonu, ngir
bu ma dikkee, baña am naqar ci ñi ma
waroona bégal. Li ma wóor ci yeen ñépp
moo di sama mbégte mooy seen mbégte,
yeen ñépp.
4 Ci biir njàqare ak xol bu fees ak
rongooñ yu bare laa leen bind. Binduma
leen ngir naqaral leen, waaye cofeel gu
réy gi ma am ci yeen moo tax.
5 Su nit tegee aw naqar, man naa ne du
man rekk la ko teg, waaye yeen ñépp la teg
aw naqar, mbaa boog ma ne ñenn ci yeen,
ngir baña réyal mbir mi lool.
6 Tiiñal gi ko li ëpp ci mbooloo mi tiiñal,
doy na ko mbugal.
7 Kon kay xanaa ngeen jéggal ko, te dëfal
ko, ngir mu baña sóobu ci naqar wu ko ëpp
doole.
8 Kon dama leen di ñaan, ngeen feddali
seen mbëggeel ci moom.
9 Leneen lu ma jublu woon ci bind leen,
moo di nattu leen ba xam, ndax dingeen
dégg ndigal ci lépp.
10 Ku ngeen jéggal ag tooñ, ma jéggal ko,
man itam. Man nag, su ma jéggalee,
ndegam am naa lu ma jéggale, yeena tax
ma def ko, ci kanam Almasi bi,
11 ngir Seytaane bañ noo nax, ndax ay
pexeem, umplewunu ko.

### *Póol jaaxle na, féex na*

12 Ba ma àggee Torowas, ngir yégle fa
xibaaru jàmm bi ci Almasi bi, bunt ubbikul
na ma ndax Boroom bi.
13 Waaye sama xel dalul woon, ndax
gisuma woon sama mbokk, Tit. Teewul
ma tàggatoo ak ñoom, jëm diiwaanu
Maseduwan.
14 Waaye cant ñeel na Yàlla*! Moom mi
Almasi bi tax mu di nu yóbbaale saa su
nekk, ci njaab miy fésal ndamam, te
cuuraayal xam-xamam, nun ñii la koy
wasaaree fépp,
15 ndax kat nun nooy cuuraayal Almasi
bi fa Yàlla, ñeel ñi ci yoonu texe ak ñi ci
yoonu sànkute.
16 Teewul muy ci ñii, xetu dee gu jëme ci
dee, te di ci ñee, xetu dund gu jëme ci
dund. Boobu sas nag, ana ku ko àttan?
17 Nun nag danoo melul ni ñu bare, ñiy
julaa kàddug Yàlla, waaye ci ndigalal Yàlla
ak fi kanam Yàlla la nuy waaree xol bu set,
ci Almasi bi nu gëm.

## 3

### *Póol a ngi layool sasub ndawam*

* **1.19** ***Silwan*** mooy turu waa Room wi Gereg yi naan Silas. Seetal *Jëf ya* 15.22, 40.
* **2.14** Gannaaw ba Póol dajee ak Tit ba mu xamal ko ni waa Korent rafetloo bataaxalam ba mu doon jooye, loolu firndeel na ko ne Yàlla dëggal na sasu ndawam. Moo tax muy sàbbaal Yàlla ci woowu yiw. Seetal ci 7.5-16.

1 Ndax danuy tàmbaleetee seedeel sunu
bopp ne noo yelloo ngërëm a? Am danoo
soxla ni ñenn nit ñi, ay bataaxal yu jëm ci
yeen, mbaa mu bawoo ci yeen, ngir
seedeel nu ngërëm?
2 Sunu bataaxal kay, yeen la, te dees koo
bind ci sunu xol, ba ñépp xam ko, jàng ko.
3 Bir na ne bataaxalub Almasi bi
jottalikoo ci sunub liggéey, moom ngeen,
te du daa lees ko binde, waaye Noowug
Yàlla jiy dund lees ko binde. Du ci àlluway
doj lees ko rëdd, waaye ci àlluway xoli
suux, lees ko rëdd.

4 Googu kóolute lanu am ci Yàlla ndax
Almasi bi.
5 Du caageenu doyloo sunu manoorey
bopp, ba yaakaar ne lenn man naa sottee
ci sunu wàllu bopp, waaye sunu manoore
ci Yàlla la jóge.
6 Moo nu may manoorey doon ay
liggéeykati kóllëre gu bees gu ajuwul ci
mbindum ndigali yoon, xanaa kóllëre gu
aju ci Noowug Yàlla. Ndaxte mbindum
ndigali yoon day rey, te Noo gi di dundloo.

7 Mbindum ndigali yoon wi, ci aw doj
lees ko rëddoon, te Musaa moo sasoo woon
liggéeyu yoon woowuy jëme ci dee. Teewul
muy liggéey bu làmboo ag leer gu doon
lerxat ca kanam ga, ba bànni Israayil tële
koo xool jàkk, doonte leer guy wéy la
woon.
8 Waaye liggéeyu Noowug Yàlla gi, leer
gu gënatee réy la làmboo.
9 Ndegam liggéey boobuy tege ab daan
moo làmboo ag leer, kon liggéeyu Noowug
Yàlla giy taxa jub moo ko gënatee làmboo ag
leer.
10 Soo ko xoolee noonu, leer ga woon, du
woon sax ag leer, ci leer gii ko raw tey,
11 ndax ndegam liy wéy moo làmboo
woon ag leer, astamaak li fi sax.

12 Gannaaw am nanu jooju yaakaar nag,
fit wu réy lanuy deme,
13 te baña def ni Musaa ma daan muur
kanam ga, ndax bànni Israayil bañ ne jàkk
ci leer guy wéy, di giim, di giim ba jeex.
14 Waaye seenum xel a dërkiis. Ba tey jii,
bu ñuy jànge biir mbooloo, téereb kóllëre gu
njëkk gi, muuraay booboo fi des;
murikuwul, ndax ci Almasi bi lay deñe.
15 Waaw, ba tey jii kay, saa yu ñuy biral
yoonu Musaa, ag muuraay a ngi tege ci
seen xol.
16 Waaye saa su nit waññikoo ci Boroom
bi, muuraay bi day muriku.
17 Boroom bi mooy Noo gi, te fu Noo gi
nekk, fa la nit di goree.
18 Nun ñépp nag, kanam gu muriku
lanuy xoole niki cib seetu leeru Boroom
bi, ba tax nuy soppiku, doon
takkndeeram, tey làmboo leer guy màgg, di
gëna màgg. Looloo di liggéeyu Boroom bi,
moom miy Noo gi.

# 4

### *Njaqi bani kese yeb na ngëneeli alal*

1 Ndegam boobu liggéey lanu sasoo, ci
yërmandey Yàlla, dunu yoqi.
2 Waaye danoo dàq jépp jëf ju gàccelu ju
nit di jëfe làq-làqal. Doxunu ag njublaŋ te
sopparñiwunu kàddug Yàlla. Liy dëgg kay
lanuy fésal, ba am kóoluteg ñépp, fi kanam
Yàlla.
3 Sunu xibaaru jàmm nag, su muuroo, ñi
nara sànku la muurul.
4 Aji gëmadi ñooñu la Seytaane yàllay
xarnu bii gëlëmal seenum xel, ngir ñu baña
gis ceeñeeru xibaaru jàmm biy yànjal leeru
Almasi biy melokaanu Yàlla.
5 Nun kat, du sunu bopp lanuy waare,
waaye li Yeesu Almasi bi dib Sang moom
lanuy waare, te nun ci sunu bopp nooy
seeni jaam, ndax Yeesu.
6 Ndaxte Yàlla mi ne: «Na leer gi leer ci
biir lëndëm gi,» moo leeral sunu xol, ngir
leeraangey xam-xamu leeru Yàlla, te
leeraange googu mooy lerxat ci
xar-kanamu Yeesu Almasi bi.
7 Nun nag nooy njaqi bani kese yi yeb
jooju alal, ngir mu bir ne manoore ju
yéeme ji alal ji làmboo, manoorey Yàllaa,
waaye du sunu jos.
8 Nu nekk lees nuy tance, waaye deesu
nu nappaaje. Dinanu jaaxle, waaye dunu
jàq.
9 Dees na nu bunduxataal, waaye deesu
nu wacc. Dees na nu daaneel, waaye
deesu nu jekkali.
10 Dee gi Yeesu dee woon, moom lanu
àndal ci sunu yaram, fu nu tollu, ngir

dundug Yeesu itam mana fése ci sunu
yaram.
11 Saa su nekk, nun ñiy dund, ñu ngi nuy
jébbal dee ndax Yeesu, ba tax dundu Yeesu
it mana fés ci sunuw suux wi jëm ci dee.
12 Kon nag dee mooy def liggéeyam ci
nun, dund di def liggéeyam ci yeen.
13 Bindees na ne: «Damaa gëm, moo tax
ma wax*.» Nun it, wenn xeetu ngëm wi
lanu am. Danoo gëm, moo tax itam nuy
wax.
14 Ndaxte xam nanu ne ki dekkal Sang
Yeesu, moo nuy dekkal itam, nook Yeesu,
te moo nuy yóbbu ba nu teewi, nook yeen,
fa kanamam.
15 Loolu lépp yeena tax, ngir yiwu Yàlla
law a law, ba cant gu ne gàññ tukkee ci ñi
ëpp ci nit ñi, ngir màggug Yàlla.

## *Yaakaar lanu saxoo*

16 Moo tax dunu ñàkk yaakaar. Doonte
sax sunu bitib jëmm a ngi gën di bon, sunu
jëmmu biir moom, mu ngi yeeslu bésoo bés.
17 Sunu coono bu woyof bii ci àddina, ci
diggante bu gàtt nag, moo nuy jural
teraanga ju diisaay ba jéggi dayo, teraanga
ju sax dàkk.
18 Moo waral xoolunu ci li bët mana gis,
waaye li bët dul gis, ci lanuy xool, ndax li
bët mana gis day wéy, waaye li bët dul gis
mooy sax ba fàww.

# 5

1 Xam nanu ne sunu yaram, sunu këru
kaw suuf gii di ab xayma, bu daanoo it,
am taax lanu am fa Yàlla, kër gu sax dàkk
gu loxol nit tabaxul.
2 Moo nu tax di onk ci biir xayma bii nu
nekk, ndax yàkkamtee sol sunu dëkkuwaayu
asamaan, teg ko ci kaw bii nu jiital,
3 nde bu nu soloo noonu, dunu def
yaramu neen.
4 Noo ngi onk ndax diis, li feek nu ngeek
sunuw yaram, xayma bi nu soloo nii. Du
summiku lanu namm, waaye solu teg ko
ci lanu namm, ngir li jëm ci dee, daldi
suux ci biir dund.
5 Googu muj ci boppam la nu Yàlla
mooñe woon, te Noo gu Sell gi mu nu jox
la nu ci dawalal.

6 Moo tax nu saxoo ñeme, doonte xam
nanu ne sunu desagum biir kër, ci yaram
wi, mooy sunu desagum fu sore Sang bi,
7 ndax ngëm lanuy doxe, waaye
doxewunu ab gis-gis.
8 Kon fees nanu ak kóolute, te li nu gënal
mooy jóge ci sunu yaramu bopp, ngir dëkki
ak Sang bi.
9 Kon nag, nu des biir kër gii, mbaa nu
génn, dëkki bitib kër gii, li nu xintewoo
daal moo di nu neex Sang bi.
10 Ndax kat, nun ñépp fàww nu taxawi fa
jalub àttekaayu Almasi bi, ngir ku nekk
yooloo kemu jëf ja mu jëfe yaramam, muy
lu baax, mbaa lu bon.

## *Jubooleen ak Yàlla*

11 Danoo xam lan mooy ragal Boroom bi
nag, te moo nu tax di wax lu gëmloo nit ñi.
Yàlla de ràññee na bu baax nooy kan. May
yaakaar ne yeen itam, ci seen biir xol,
ràññee ngeen bu baax nooy kan.
12 Seedeelatunu sunu bopp lu jar
ngërëm de, danu leen di may lu ngeen nu
mana sagoo, ndax ngeen am tontal ñi
sagoowul li ci biir xol, xanaa di sagoo am
peeñ.
13 Ndegam danoo teqalikoo ak sunu
sago, Yàlla la ñeel. Su nu àndee ak sunu
sago nag, yeen la ñeel.
14 Ndaxte cofeelu Almasi bi daal moo nu
jiite, nun ñi ràññee lii: gannaaw kenn moo
dee ngir ñépp, kon ñépp a dee.
15 Te ki dee ngir ñépp, daa dee ngir ñiy
dund bañatee dund ngir seen bopp, xanaa
di dund ngir ki dee ngir ñoom, ba dekki.
16 Kon nag gannaaw-si-tey, ni nitu
suuxu neen di xoole moroomam, nun
xooleetunu ko kenn. Doonte ni nitu suuxu
neen lanu xoole woon Almasi bi, léegi
xooleetunu ko noonu.
17 Kon bu nit ki bokkee ci Almasi bi,
mbindeef mu bees lay doon. La woon day
wonni, li teew nag, di lu yees.
18 Loolu lépp ci Yàlla la jóge, moom mi nu
jubale ak boppam ci Almasi bi, te moo nu
sas, ngir nuy waare juboo googu.
19 Loolu di firi ne ci Almasi bi la Yàlla
jubale waa àddina ak jëmmu boppam, ba
toppu leen seeni tooñ, te moo nu dénk
kàddug juboo gi.

* **4.13** Seetal ci *Taalifi cant* 116.10.

20 Kon nag Almasi bi, noo diy ndawam,
te ci nun la Yàlla di wootee. Kon ci turu
Almasi bi, danu leen di ñaan: nanguleena
juboo ak Yàlla.
21 Almasi bi masula bàkkaar, moom la
Yàlla sëf sunu bàkkaar, ngir nu mana ame
ci moom àtteb nit ñu jub fa Yàlla.

# 6

1 Nun ñi bokk ci liggéey bi nag, noo leen
di ñaan ngeen baña nangu yiwu Yàlla ci
neen.
2 Ndaxte Yàlla moo ne:
«Bu bésub yiw taxawee, ma nangul la;
bu bésub mucc jotee, ma wallu la*.»
Te nag, tey jii la bésub yiw taxaw; tey kat,
la bésub mucc.

## *Liggéeyal Yàlla ñàkkul aw tiis*

3 Bëggunu kenn sikk sunub liggéey, moo
tax bëggunoo jëfe lenn luy doon tojaange ci
kenn.
4 Ci lépp kay lanu bëgga seedeel sunu
bopp, ne noo yelloo ngërëm, te ay jawriñi
Yàlla lanu, di ñu muñ lu bare ci biir coono
aki mitit aki njàqare;
5 ci ay dóor ak néegi kaso, ci biir
mbooloo yu nu jógal, ci doñ-doñ ju metti
ak fanaanee xoole akub xiif;
6 te nuy setal sunu dund, di ànd ak
xam-xam, ci biir muñ akug mbaax, ci biir
Noo gu Sell gi ak cofeel gu amul jinigal,
7 ci biir kàddug dëgg ak kàttanu Yàlla; ci
kaw gànnaayi njubte yi ci sunu loxol
ndijoor ak lu càmmoñ;
8 ci biir teraanga ak ci biir toskare; ci
biiri baatal ak jëw yu rafet. Dees noo jàppe
ay mbubbookati dëgg, te nuy nit ñu dëggu;
9 jàppe nu ñu kenn xamul, te nuy ñu
siiw; jàppe nu ñuy waaja dee, te nuy dund;
jàppe nu ñu ñu wara mbugal, te bañ leena
teg àtteb dee.
10 Dees noo jàppe boroomi tiis, te nu
dëkke mbég; jàppe nu ay néew-ji-doole, te nu
woomal ñu bare; jàppe nu ñu amul dara, te
nu moom lépp.
11 Yeen bokki Korent, wax nanu leen
sunu biir yépp, ubbil leen sunu xol.
12 Genn ñooru jógewul ci nun, waaye
yeen yeena nu ñooru ci seen xol.
13 Léegi nag yeen, feyleen nu bor bi
boog, ma wax ak yeen ni samay doom,
ubbilleen nu seen xol!

## *Baleen bokkaale*

14 Buleen lëkkoo ak gëmadikat ñi. Gan
lëngoo la njub ak ndëngte séq? Gan booloo
la leer ak lëndëm séq?
15 Gan juboo la Almasi bi ak Seytaane
séq? Wan wàll la gëmkat bi bokk ak
gëmadikat bi?
16 Gan takktoo la kër Yàlla séq ak ay
tuur? Ndax kat, nun, nooy kër Yàlla jiy
dund, te noonu la ko Yàlla waxe ne:
«Maay dëkk ci seen biir, di dox ci seen biir,
di seen Yàlla, ñuy sama ñoñ†.»
17 Kon nag:
«Nangeen génne ci seen biir, te teqalikoo ak
ñoom,»
la Boroom bi wax,
«lu sobewu, buleen ko laal‡.
Su boobaa, maa leen di dalal§.
18 Maay doon seen baay,
ngeen di samay doom, góor ak jigéen*,»
la Boroom bi, Aji Man ji wax.

# 7

1 Gannaaw noo moom yii dige nag,
soppe yi, nanu setal sunu bopp ci
mboolem sobey yaram ak ju xel, te nu sax
ci sellaay ci ag ragal Yàlla.

## *Póol bége na tuubeelu waa Korent*

2 Xajalleen nu. Tooñunu kenn; lorunu
kenn; naxunu kenn, lekkunu alalu kenn.
3 Du teg leen tooñ laay waxe lii, ndax
wax naa ko ba noppi, yeena ngi ci sunu
xol, ngir nu bokk dund, mbaa nu bokk
dee.
4 Kóolute gu réy laa am ci yeen, te sag bi
ma ame ci yeen réy na. Mbégte mu seral
sama xol laa feese, te damaa fees ak
bànneex ba rembat, ci biir sunu mboolem
njàqare!
5 Ba nu àggee diiwaanu Maseduwan,
sunuw yaram noppaluwul, waaye daj
nanu bépp coono: xeex ci biti, njàqare ci
biir.
6 Teewul Yàlla miy seral xolu ñi xàddi,
tànki Tit la serale sunu xol,

* **6.2** Seetal ci *Esayi* 49.8. † **6.16** Seetal ci *Sarxalkat yi* 26.12. ‡ **6.17** Seetal ci *Esayi* 52.11. § **6.17** Seetal ci *Esekiyel* 20.41. * **6.18** Seetal ci *2.Samiyel* 7.14.

7 te du tànki Tit rekk la serale sunu xol, waaye itam, seral ga Tit wax, moom ngeen serale woon xolam. Yégal na nu seen nammeel gu réy ak seeni jooy ak seen xéraange ci man, ba ma gënatee bég.

8 Ndegam sax dama leena tegoon aw tiis ndax bataaxal ba ma leen bind, réccootuma ko, doonte réccu woon naa ko, ndax gis naa ne bataaxal boobu teg na leen aw tiis, lu mu gàtt gàtt.

9 Waaye tey bég naa, te du tiis wu ngeen tegoo laay bége, waaye li leen tiis wi tuubloo, laay bége, ndax woowu xeetu tiis la Yàlla namm ci yeen, moo tax it yóbbewunu leen jenn loraange.

10 Ndaxte tiis wu Yàlla namm, ag tuubeel gu jëme cig mucc lay jur, te loolu du tiis wees di tiisoo. Waaye tiisu àddina, dee lay jur.

11 Gisleen nag, seen tiis wi leen Yàlla teg ci coobareem, li mu leen jural: gii parlu; gii kàddug layoo gu ngeen yékkati, rawati; mii mer mu war, rawati; gii ragal Yàlla rawati; gii nammeel rawati; gii xéraange rawati; gii pastéef ci yar ki tooñ rawati! Nu nekk ngeen setale seen bopp wecc ci mbir moomu.

12 Kon nag su ma leen bindee, ki tooñ taxul, ki ñu tooñ it taxul, waaye dama leena bind, ngir parlu gi ngeen am ci nun mana fés, fi kanam Yàlla, ngeen gisal ko seen bopp.

13 Loolu seral na sunu xol. Te yemunu ci xol bu sedd, waaye gënati nanoo bége mbégtem Tit mi ngeen dalal am xelam, yeen ñépp.

14 Dëgg la, damoo naa leen as lëf fi kanam Tit, waaye gàcce fekku ma ci. Dëgg lanu leen masa wax, waaye la nu leen doon damoo fa kanam Tit itam, noonu la mujje doon dëgg.

15 Te saa yu Tit xoolaatee ni ngeen dégge ndigal, yeen ñépp, ak wegeel gi ngeen ko dalale, ànd ceek ragal Yàlla bay lox, cofeelam ci yeen di gënatee yokku.

16 Bég naa, ndax wóolu naa leen ci lépp!

# 8

*Yéwénleen*

1 Gannaaw loolu bokk yi, danu leen di xamal li yiwu Yàlla maye ci biir mboolooy gëmkati diiwaanu Maseduwan.

2 Doonte jaar nañu ci nattub njàqare bu mag, seen mbégtee rembat ci seen biir ñàkk gu tar, ba géejal seenug tabe.

3 Seen kemu am-am lañu joxee, maa ko seede, lu wees seen am-am sax lañu joxee xol bu sedd.

4 Dañu noo ñaan, ba di nu tinu, ngir nu may leen, ñu def seen loxo ci ndimbalu jàppalante gi jëm ci gëmkat ñu sell ñi[*].

5 Li nu séentu woon sax wees nañu ko, nde Sang bi lañu njëkka jébbal seen bopp, door noo jébbal seen bopp, te noonu la ko Yàlla bëgge.

6 Looloo tax nu soññ Tit, ngir noonee mu tàmbalee woon ci yeen ndajalem ndimbal li, mu àggalee ko ci yeen.

7 Gannaaw nag yeena duunle ci lépp; muy ci wàllu ngëm ak wàllu kàddu yu rafet ak wàllu xam-xam ak cawarte ci lépp ak ci cofeel gu nu leen xiir, kon ndajalem ndimbal lii it, ngalla duunleleen ci.

8 Du ndigal lu ma leen jox, waaye njaxlafug yeneen gëmkat, moom laay natte seen xol, ngir xam nu seen cofeel dëggoo.

9 Xam ngeen kat sunu yiwu Boroom Yeesu Almasi bi, moom mi woomle woon, te yeena tax mu ñàkk, ngir woomale leen ag ñàkkam.

10 Ab xalaat laa am ci mbir mii, te mooy doon seen njariñ. Njëkkewuleen jëf ji rekk, yeena njëkkoona biral daaw itam, yéeney dimbali.

11 Kon nag léegi, mottalileen jëf ji. Noonu ngeen xére woon ci seen yéene, mottaleeleen ko noonu ci seen kem am-am.

12 Ndax kat ab joxe, bu àndee ak yéene rekk, la boroom joxe bi amul, deesu ci natt lees koy nangul, waaye li mu am, ci lees koy nangul ab joxeem.

13 Du caageenu nag, teg leen coono, ngir teggil ñenn ñi, waaye ag tollale war na ci.

14 Tey jii seenug rembatle mooy faj soxlay ñeneen, ngir ëllëg, rembatley ñooña faj seeni soxla, yeen itam. Su ko defee ag tolloo am.

[*] **8.4** Seetal ci *Room* 15.26. Ndimbal loolu ca gëmkat ña néew-doole ca Yerusalem la jëmoon.

15 Noonu lañu binde ne: «Ki dajale lu
bare ëpplewul, te ki dajale lu néew
yéeslewul.»

*Yónnentub Tit am na sabab*
16 Cant ñeel na Yàlla mi def ci xolu Tit,
mu xér ci yeen ni ma xére ci yeen!
17 Ba nu ñaanee Tit mu dikk ba ci yeen,
nangul na nu, waaye yemu ca, nde ci
xéraangeem la yebul boppam ne mooy dikk
ba ci yeen.
18 Noo ko yebal, boole kook menn
mbokk mu mboolooy gëmkat ñépp gërëm,
ndax liggéeyam ci xibaaru Almasi bi muy
xamle.
19 Rax ci dolli, mboolooy gëmkat ñi ñoo
ko tabb, ngir mu ànd ak nun, ba nu yóbbu
ndimbal li, muy teddaayu Boroom bi ci
boppam, te di sunu firndey cawarte ci
dimbali ñeneen.
20 Noonu lanu fàggoo, ndax kenn bañ
noo sikk ci ndimbal lu bare lii nu wara
saytu.
21 Li nuy xinte moo di li baax ci kanam
Boroom bi, te baax ci kanam nit ñi itam.
22 Boole nañu leen itam ak sunu mbokk
mu nu nemmiku xéraangeem ay yooni
yoon, ci fànn yu bare, te mu gënatee xér bii
yoon ndax kóolute gu réy gu mu am ci
yeen.
23 Su dee mbirum Tit, mooy sama wéttal,
di ma jàppale ci liggéey bi, ngir yeen. Sunu
bokk yi ànd ak moom nag, ñooy ndawi
mboolooy gëmkat ñi, te ñooy teraangay
Almasi bi.
24 Kon nag wonleen leen lu firndeel
seen cofeel ci ñoom ak ci kanam mboolooy
gëmkat ñi, firndeel itam ne noo yey wóolu
leen.

# 9

1 Ci mbirum ndimbal lu jëm ci ñu sell ñi,
jarul ma di leen bind,
2 ndax xam naa seen yéene ju réy, te
moom laay damoo ci kanam waa
Maseduwan, naan leen: «Daaw fekk na
waa Akayi* noppi.» Te seen xéraange jooju
ngeen nekke xiirtal na ñu bare.
3 Maa yebal bokk yi, di yaakaar ngeen
noppi ni ma ko waxe woon, ngir la nu leen
doon damoo ci mbir mii, baña neen.
4 Lu ko moy bu niti Maseduwan dikkee,
ànd ak man, te fekkuleen noppi, kóolute
googu sunu gàcce lay doon, rawatina seen
gos.
5 Moo tax ma noon, naa soññ bokk yi, ñu
jiitu ma ci yeen, ba waajal ndimbal lu
takku li ngeen dige woon, ba mu noppi, te
baña doon sompi ŋott, xanaa di ndimbal
lu duun.

*Ku ji lu bare, góob lu bare*
6 Lii rekk la: ji lu tuut, góob lu tuut; ji lu
bare, góob lu bare.
7 Kon na ku nekk joxe, ni mu ko waaje ci
xolam, te bañ koo tiisoo, bañ koo joxee
ñàkk pexe, ndax kiy joxee xol bu sedd,
Yàlla sopp na ko,
8 te Yàlla man na leena baawaanal wépp
yiw, ba ngeen saxoo am lu leen doy ci lépp,
ak koom gu bare, ngir jépp jëf ju baax.
9 Noonu lañu binde ne:
«Moo yéwén ci li muy may néew-doole yi,
te njekkam sax dàkk†.»
10 Te kiy jagleel beykat bi am jiwu ak
mburu mu nit di dunde nag, kooku moo
leen di jox jiwu mu ne gàññ, te mooy ful
seen meññeefum njekk.
11 Su ko defee ngeen woomle ci lépp, mana
yéwén ci wet gu nekk, ba seen jëf ji sottee
ci nun mana jur cant gu bare, ñeel Yàlla.
12 Ndax liggéey bi ndimbal lii laaj kat,
yemul rekk ci faj soxlay ñu sell ñi, waaye
itam dina baawaanal cant gu bare, ñeel
Yàlla.
13 Liggéey bi ci ndimbal lii nag, nit ñi
dinañu natt soloom bu réy, bay sàbbaal
Yàlla, ndax ni ngeen firndeele ne déggal
ngeen xibaaru jàmm bu Almasi bi, ak ni
ngeen yéwéne ci seen jàppalante, jëme ci
ñoom ak ci ñépp.
14 Cofeel gu réy nag lañu leen di ñaanale,
ndax yiw wi leen Yàlla géejal, yeen.
15 Cant ñeel na Yàlla ci mayam gu tiiñ aw
làmmiñ.

# 10

*Póol tontu na ñi koy ŋàññ*
1 Man Póol ci sama wàllu bopp nag, maa
leen di ñaaxe teeyug Almasi bi, akug
lewetaayam, man miy teew ci seen biir, di

* **9.2 *waa Akayi:*** Korent mooy péeyub diiwaanu Akayi.

† **9.9** Seetal ci *Taalifi cant* 112.9.

ab ragaléey fi seen kanam, te bu ma soree
doŋŋ laa leen di ñeméey,
2 rikk buleen ma taxa teew, bay ñemee
jëfe kóolute gi ma nara ñemee jëfe, ak ñenn
ñi xalaat ne ni nitu suuxu neen doŋŋ
lanuy doxale.
3 Dëgg la, nitu suux lanu, waaye
xeexewunu ni nit di xeexe.
4 Ndaxte gànnaay yi nuy xeexe du
gànnaayi suuxi neen, waaye da di gànnaay
yu am fa Yàlla kàttanu daane ay tata. Te
xalaatin yu jubul, noo leen di daaneel,
5 mook lépp luy réy-réyloo ab
taxawaayam, di joŋante ak xam-xamu
Yàlla, te nooy jàpp njaam bépp xalaat, ngir
déggalloo ko Almasi bi.
6 Te keroog bu seen dégg ndigal matee,
fas nanu yéenee mbugal képp ku déggadi.
7 Xanaa ci melow biti doŋŋ ngeen di
xool*! Su amee ku mu wér péŋŋ, moom ci
boppam ne ci Almasi bi la bokk, na dellu
jàpp moom ci boppam, ne ndegam ci
Almasi bi la bokk, nun itam, ci Almasi bi
lanu bokk.
8 Te doonuma am benn kersa, su ma
ëppaloon sax ci damoo sañ-sañ bi nu
Boroom bi jox, te du sañ-sañu sànk leen it,
xanaa yokk seen ngëm.
9 Bëggumaa mel ni ku leen di xëbale ay
bataaxal nag.
10 Ndaxte bataaxal yi kat lañu ne:
«Dañoo ñagas, te tàng, waaye bu teewee
moom ci boppam, da naan yàcc, te ay
kàddoom xeebu.»
11 Lii nag, kiy waxe noonu, na ko xam:
ni nu mel ci kàddu ci sunuy bataaxal, bu
nu wuutee, noonu lanuy mel ci jëf, bu nu
teewee.
12 Ñenn ci ñooñu di seedeel seen bopp ne
ñoo yelloo ngërëm nag, nun ñemewunoo
boole sunu bopp ak ñoom, mbaa nuy
méngale sunu bopp ak ñoom. Waaye ñoom
dañoo amul xel, ndax nattukaay bi ñuy
nattoo, di ko méngalantee ci seen biir, ñoom
ñoo ko sàkkal seen bopp!
13 Nun, sunub damu dafa am kemu bu
mu dul wees. Sunu kemu moo di déndub
tool bi nu Yàlla sas, te ci biir tool bi lanu
liggéeye, ba agsi ci yeen.
14 Moo tax weesunu sunu kemu sas,
mbete agsiwunu woon ba ci yeen. Waaye
noo agsi ba ci yeen, indil leen xibaaru
jàmm bu Almasi bi.
15 Weesunu kemu, bay damu ci liggéeyu
ñeneen. Waaye am nanu yaakaar ne nu
seen ngëm gëna yokkoo, ni la sunuw sas di
gëna yokkoo, lépp ci biir kemu gi ñu nu
àppal.
16 Su ko defee nu mana wees fa yeen, ba
jàll yégleji xibaaru jàmm bi ca wàlla, te
baña damoo lu ñeneen def ba noppi, ci
seen biir sas.
17 Kuy damu daal, na damu ci Boroom
bi†.
18 Ndax ki ñu naw mooy ki Boroom bi
gërëm, waaye du ki gërëm boppam.

# 11

### *Póol wuute na ak ndawi naaféq yi*

1 Céy bu ngeen ma muñaloon, ba ma
dof-doflu tuuti! Muñalleen ma rekk.
2 Maa leen di fiiree fiiraangey Yàlla ci
boppam, ndax jenn jëkkër doŋŋ laa leen
digool ab séy, te mooy Almasi bi ma leen
namma jébbal, te fekk leen di janq bu set
wecc.
3 Waaye na jaan ja naxe woon Awa, ca
pexeem, ragal naa seenum xel yàqoo
noonu, ba dëddu ngëm gu dëggu te set gu
ngeen ŋoye woon ci Almasi bi.
4 Ndax kat gaaw ngeena xajoo lool, nit
ku dikk, di leen waare meneen Yeesu mu
nu waarewul, mbaa geneen noo gu ngeen
jot te jotuleen ko woon, mbaa beneen
xibaar bu ngeen dëggal, te mu wuute ak ba
ngeen déggoon.
5 Moona ndaw yu màgga màgg yooyéey,
foog naa ne duma seen cuune ci lenn.
6 Su ma dee ku xareñul ci wàllu wax it,
du ci wàllu xam-xam, te nu nekk lanu leen
wone loolu, ci bépp fànn.
7 Am boog damaa tooñ ca na ma
toroxloo ngir darajaal leen, ndax la ma
leen laajul ag pey, ba ma leen di àgge
xibaaru jàmm bu Yàlla bi?
8 Yeneen mboolooy gëmkat de laa jëlal,
nde maa nangoo ag peyoor ca ñoom, ba
man leena liggéeyal, yeen, ci neen.

* **10.7** Mbaa: *Xoolleen jàkk mbir mi!* † **10.17** Seetal ci *Yeremi* 9.23.

[9] Te ba ma nekkee ci yeen te soxla dab
ma, wéeruwuma ci kenn ci yeen, ndax la
ma ñàkkoon, bokk ya jóge Maseduwan ñoo
ma ko indil. Fexe naa ba du lenn lu ma
leen diisale, te noonu laay saxoo.
[10] Ak dëggu Almasi gi ci man, kàddug
damu googu, kenn du ma ko xañ, ci
diiwaanu Akayi gépp.
[11] Lu tax? Ndax dama leena bëggul?
Yàlla xam na ne ahakay!
[12] Noonu may def rekk laay saxoo, ngir
xañ aw lay ñiy wut aw lay wu ñu damoo,
naan ñook nun a yem kepp ci daraja.
[13] Ñooñu ay ndawi caaxaan lañu, ay
liggéeykat yu njublaŋ yu mbubboo ndawi
Almasi bi.
[14] Te loolu jarula waaru, ndax Seytaane
ci boppam, malaakam leer lay mbubboo.
[15] Kon bu ay ndawam itam di mbubboo
ndawi njub, du doon lu yéeme. Waaye
seenug muj, seeni jëf lay yemool.

*Póol am na ay nattu ci biir yónnentam*

[16] Ma baamu ko, bu ma kenn jàppe ab
dof, mbaa boog, ngeen muñal ma ni ñuy
muñale ab dof, ba ma damu tuuti, man
itam.
[17] Li may wax nag, waxewuma ko ci
ndigalal Boroom bi, waaye ci taxawaayu
dof laa koy waxe, gannaaw mbirum damu
la.
[18] Ndegam ñu baree ngi damu ni niti
suuxu neen di damoo, naa damu, man
itam.
[19] Yeen boroom xel yi, yeenaka nangoo
muñal ay dof,
[20] nde muñal ngeen ku leen def jaam,
muñal ku leen lekk, muñal ku leen futti,
muñal ku leen jaay daraja, muñal ku leen
talaata!
[21] Ma waxe ko gàcce, mbete noo néew
doole, ba manunoo jëfe ak yeen noonu!
Ndaxam, ma wax waxi dof, lu waay
ñemee damoo, ñeme naa koo damoo, man
it.
[22] Xanaa ay Ebrë lañu? Ak man itam.
Xanaa ci xeetu Israayil lañu bokk? Ak
man itam. Xanaa ay sëti Ibraayma lañu?
Ak man itam.
[23] Xanaa ay surgay Almasi bi lañu? Naa
ràkkaaju nag, te ne maa leen ko gëna doon.
Bu dee ci liggéey yu metti, maa man fopp;
bu dee ci fani kaso, maa ëpple fopp; bu dee
ci ay yar, maa ëpple ay yooni yoon, te bare
na lu ma riisu dee, ba raw leen:
[24] juróomi yoon la ma Yawut yi dóore
fanweeri kàcciri ak juróom ñeent.
[25] Ñetti yoon la ma waa Room dóori yet.
Benn yoon lañu ma masa dóori doj. Ñetti
yoon laa dugg gaal, mu suux. Fanaan naa,
yendu naa biir xóotey géej.
[26] Bare na lu ma tukki, ay aayteef xaare
ma ay dex, xaare ma ay sàcc, xaare ma ay
pexe yu ma samaw xeet lalal ak yu ma
jàmbur ñi lalal. Ay aayteef xaare na ma
biir dëkk, xaare ma biir màndiŋ, xaare ma
biir géej, xaare ma ci biir bokki taalibe yu
ko mbubboo.
[27] Doñ-doñ akub coono ci la, te bare naa
lu ma fanaanee xoole. Xiif naa, mar naa,
te bare na lu ma ñàkk ab dund. Liw naa,
rafle naa,
[28] te gannaaw li ci des lépp sax, sama
xintey bés bu nekk a ngi fi, njàqare ji ma
am ci mboolooy gëmkat ñépp.
[29] Ana ku ci néew doole, te taxul ma
néew doole, man it? Ana ku ñu ci
bàkkaarloo, te awma ci tiis wu taal ab xol?
[30] Su damu waree de, samag néew doole
laay damoo.
[31] Yàlla sunu Baayu Sang Yeesu, moom
mi yelloo cant ba fàww, xam na ne fenuma.
[32] Ba ma nekkee Damaas ga boroom
dëkk ba di jawriñu Buur Aretas, boroom
dëkk baa santaane ñu wattu buntu dëkk
ba, ngir jàpp ma.
[33] Waaye ca palanteeru tatay dëkk ba
lañu ma yoore cig dàmba, ba ci suuf.
Noonu laa ko rëcce.

# 12

*Póol am na am peeñu akub nattu*

[1] Damu war na, moonte amul njariñ,
waaye naa jàll ba tey ci mbir yu ma Sang
bi gisloo ak peeñu yu mu ma won.
[2] Maa xam aw nitu Almasi bi, ku ñu
yéegale ba ñetteelu asamaan*, am na fukki
at ak ñeent. Ndax aw yaramam lees ko
yéegaale woon? Xawma, ndax yéegaaleesu
ko aw yaramam? Xawma, Yàlla rekk a
xam.

* **12.2** Ci gis-gisu Yawut yi, ñetteelu asamaan moo gëna kawe.

3 Xam naa ne nit kooku, ndegam
yaramam lees ko booleel, am booleesu ko
ak yaramam? Xawma, Yàlla rekk a xam.
4 Waaye yéegees na ko ba Àjjana, mu dégg
fa mbir mu waxuwul, te mayeesul nit mu
tudd ko.
5 Nit ku mel noonu laay damoo, waaye
du sama bopp laay damoo, xanaa ma
damoo diggante yu ma néewe doole.
6 Su ma nammoona damu it, du doon ag
ndof, ndax dëgg laay wax. Waaye damay
moytoo damu, ngir kenn bañ maa fooge lu
wees li mu gis may def, ak li mu dégg may
wax.
7 Te it, waccalees na ma ndégu biir suux,
mu taxawe ndawal Seytaane, di ma
mitital, ngir ma baña bew ndax peeñu yu
yéeme.
8 Mbir moomu, ñetti yoon laa ci ñaan
Sang bi, ngir mu sorele maak moom.
9 Mu ne ma: «Sama yiw doŋŋ nga soxla;
sama manoore, ci ag néew doole lay
mate.» Kon kat dinaa gëna bégati ci damoo
diggante yu ma néewe doole, ngir
manoorey Almasi bi wàcc ci sama kaw.
10 Looloo ma tax di bànneexu ci biir
diggante yu ma néewe doole ak ci biiri
saaga ak ci biir ag ñàkk ak ci biir coono yu
ñu may bunduxataale ak ci biir njàqare yu
ma dal ngir Almasi bi. Ndaxte bu ma
néewee doole, booba laa am kàttan.

### *Póol bëgg na waa Korent*

11 Mujj naa dib dof nag, te yeena ma ko
yóbbe, nde gërëm ma moo leen waroon,
ndax doonte duma dara sax, ndaw yu
màgga màgg yooyéey, duma seen cuune ci
lenn.
12 Firnde yiy màndargaal ndawal Almasi
bi, feeñalees na ko ci seen biir, lépp ci ag
muñ gu mat sëkk: firnde yeek kéemaan
yeek jaloore yi.
13 Ci ban anam ngeen yéeslee yeneen
mboolooy gëmkat ñi? Xanaa sama soxlay
jëmmu bopp jii ma leen wéerul. Kon
baalleen ma, maa tooñ!
14 Maa ngii di leen waaja ganesi ñetteel
bi yoon, te duma wéeru ci yeen.
Wutsiwuma lu ngeen am, yeen laa soxla.
Ndaxte doom du dencal waajuram, waaye
waajur mooy dencal doom.
15 Man nag xol bu sedd laa yeboo ci jaay
mboolem lu ma am, ba jaay sama dooley
bopp ngir seen jëmmi bopp. Xanaa duma
leen ji gii cofeel gu réy, di feyoo cofeel gu
ko yées?
16 Xanaa dees na ne, man ci sama wàllu
bopp diisaluma leen moos, waaye samag
njublaŋ laa fexee ba nax leen?
17 Ndax am na kenn ku ma jëfandikoo, ci
ñi ma yebaloon ci yeen, ba lekkal leen
lenn?
18 Maa soññ Tit, ngir mu seetsi leen, te
maa yebal mbokk moomu, boole kook
moom. Ndax Tit da leena lekkal? Xanaa
du maak mooma bokk menn mébét ak
wenn doxalin?
19 Mbaa fooguleen ne sunu bopp lanuy
layal nii fi seen kanam? Fi kanam Yàlla de
lanu waxe, ndax Almasi bi nu gëm, te lépp,
soppe yi, seen yokkute la ñeel.
20 Ragal naa, bu ma dikkee, fekke leen
nu ma neexul, yeen it, ngeen gise ma nu
leen neexul. Ragal naa ay réeroo ci seen
biir ak kiñaan ak mer mu ëpp ak diiroo
mbagg ak waxi sos aki jëw ak réy-réylu
akug salfaañoo.
21 Ragal naa, bu ma dikkee, sama Yàlla
ruslooti ma ndax yeen, may tiisoo ñu bare
ñu wéye seen bàkkaar ya woon, te tuubuñu
jëfi sobe ji ak séy yi yoon tere ak yàqute gu
af gi ñu nekke.

# 13

### *Ay kàdduy artoo aki tàggatoo ngi*

1 Ñetteel bi yoon a ngii, bu ma leen di
ganesi. «Ci kàddug ñaari seede ba ñett nag
la àtteb mépp mbir di wére*.»
2 La ma waxoon ba noppi ca sama
ñaareelu ngan, tey bi ma wuutee, moom
laay baamtu, artoo ko ñi njëkkoona bàkkaar
ak ñi ci des ñépp: su ma délsee, duma
ñéeblu kenn,
3 gannaaw yeenay wut lu firndeel ne ci
man la Almasi bi di waxe ak yeen, te
moom néewul kàttan, diggam ak yeen,
waaye ku manoorewu la ci seen biir.

* **13.1** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 19.15.

4 Cig néew doole lees ko daaje ci bant, ba
rey ko, waaye tey ci manoorey Yàlla lay
dunde. Nun itam sunug bokk ci Almasi bi
moo tax nu néew doole, waaye ci
manoorey Yàlla lanuy bokk ak moom di
dund, bu nuy jëflante ak yeen.
5 Xoolaatleen seen bopp, ba xam ndax
yeena ngi ci yoonu ngëm wi. Nattleen seen
bopp, xanaa xam ngeen ne Yeesu Almasi
baa ngi ci yeen? Ndegam du seen gëmadi,
la natt ba firndeel!
6 May yaakaar nag ne nun, dingeen xam
ne firndeel nanu sunu taxawaay.
7 Teewul nuy ñaan Yàlla, ngeen baña def
dara lu bon, te ñaanunu loolu am, ngir nu
man koo firndeele sunu taxawaay, waaye
bu sunub taxawaay doonul woon lu
firndewu sax, sunu yéene mooy ngeen di
def lu baax.
8 Ndax kat manunoo def dara ba sot liy
dëgg, manunu lu dul liggéeyal liy dëgg.
9 Bu nu néewee doole, te ngeen am
doole, bég nanu. Lii itam, nu ngi koy ñaan,
te mooy ngeen yokku ba mat sëkk.
10 Looloo tax ma bind leen lii bala maa
dikk, ba buma dikkee, du jar may mettil ni
may jëflante ak yeen, ci kaw sañ-sañ bi ma
Boroom bi jox. Ndax kat sañ-sañ bi, yokke
moo ko taxa jóg, waaye deesu ko jëfandikoo
ngir yàq.
11 Ma tëje fii nag, bokk yi, bégleen,
yokkuleen ba mat sëkk, ñaaxanteleen,
mànkooleen te jàmmoo. Su ko defee Yàlla
miy Yàllay cofeel ak jàmm mooy ànd ak
yeen.
12 Saafoonteeleen fóonante yu sell. Ñu
sell ñépp a ngi leen di nuyu.
13 Sunu yiwu Sang Yeesu Almasi bi nag
ak cofeelu Yàlla ak bennoo geek Noo gu
Sell gi, yal nañu bokk ànd ak yeen ñépp.

# Bataaxal bi Póol bind waa Galasi

Diiwaanu Galasi bokkoon na ci nguuru waa Room. Nekk na ci réew mu ñuy wax tey Tirki. Póol yégle xibaaru jàmm bu Almasi bi ci ñeenti dëkk ci Galasi (*Jëf ya* 13.13—14.20). Bàyyi na fa ay mbooloom nit ñu topp Almasi bi, ay Yawut ak ñeneen ñu dul Yawut.

Waaye dafa am ay jàngalekati caaxaan yu yoxoosu ci seen biir ngir jàngale lu leen fàbbi. Ñu ne gëmkat ñi dul Yawut dañoo wara xaraf, te gëmkat yépp dañoo wara sàmm ba tey ndigali yoonu Musaa. Moo tax Póol bind leen, ne leen du ci jëfi sàmm ndigali yoon la Yàlla di jox kenn àtteb ku jub, waaye ci li mu gëm ne Almasi bi dee na ngir gàddu mbugali tooñ Yàlla, ngir jot nit ñi nekk ci curgag yoon wi. Dañu leena goreel ngir ñu dund ci cofeel ndax ni leen Almasi bi soppee.

Ci tënk:

- 1.1—2.21 Póol ndaw tigi la te kàddoom dëggu na.
- 3.1—4.31 Yàlla dina jox nit àtteb ku jub ci kaw li mu gëm Yeesu.
- 5.1—6.18 Gëmkat du wéeru ci yoon wi ngir ñu jox ko àtteb ku jub, waaye day topp Noowug Yàlla gu Sell gi.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Póol, ndaw li bàyyikoowul ci ay
nit, jottaliwul ci yónnentu nit, xanaa Yeesu
Almasi bi ak Yàlla Baay bi ko dekkal, ci
man la kàddu gii bawoo,
2 bawoo itam ci mboolem bokk yi nekk
ak man, ñeel mboolooy gëmkat yu
diiwaanu Galasi.
3 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, tukkee ci
Yàlla sunu Baay ak Sang bi Yeesu Almasi
4 bi maye bakkanam ngir njotug sunuy
bàkkaar, ba musal nu ci jamonoy tey ju bon
ji, ci coobarey Yàlla sunu Baay
5 bi daraja ñeel, tey ak ëllëg ba fàww.
Amiin.

### *Xibaaru jàmm bi benn la*

6 Man de jaaxle naa ci nii ngeen gaawa
dëddoo Yàlla mi leen woo ci boppam, ci
ndimbalal yiwu Almasi bi, bay topp xaat
beneen xibaaru jàmméey!
7 Te beneen dafa amul sax, xanaa ñenn
ñi leen di jaxase, te bëgga sopparñi
xibaaru jàmm bu Almasi bi.
8 Waaye nun ci sunu bopp, mbaa
malaaka mu bawoo ci asamaan sax, ku
leen ci àgge woon beneen xibaaru jàmm
bu dul bi nu leen àgge, kooku yal na alku!
9 Wax nanu ko ba noppi, ma waxati ko
tey: képp ku leen àgge beneen xibaaru
jàmm bu moy bi ngeen xasa jot, yal na
alku!
10 Léegi nag ndax nit ñi laay sàkkoo
jubool, am Yàlla? Am nit ñi laay wuta
neex? Su ma bëggoona wéye neex nit ñi de,
duma doon jaamub Almasi bi.

### *Almasi bi moo dénk Póol xibaaru jàmm bi*

11 Bokk yi, ma xamal leen, ne leen
xibaaru jàmm bi may yégle, bàyyikoowul ci
nit.
12 Te it man jëlewuma ko, jàngewuma ko ci
nit, xanaa ci peeñum Yeesu Almasi bi.
13 Ndax kat dégg ngeen ni ma doon jëfe
bu njëkk, bi ma nekkee ci yoonu Yawut,
bunduxataal gu jéggi dayo ga ma daan teg
mbooloom gëmkati Yàlla mi, di ko yàq.
14 Yoonu Yawut, maa ci rawoon ñu bare
ci sama maas gi ma bokkal askan, te maa
leen gënoona xér fuuf ci sunu aaday maam.
15 Waaye ca sama biiru ndey la ma Yàlla
séddoo, woo ma ci boppam ci kaw yiwam,
te moom la soob,
16 mu feeñalal ma Doomam, ba ma àgge
jàmbur ñi dul Yawut xibaaru jàmm bi ci
mbirum Almasi bi. Ci saa si diisoowuma
ci ak kenn.
17 Demuma sax Yerusalem, seeti ñi ma
njëkka doon ndawi Almasi bi, waaye Arabi
laa dem, doora délsi Damaas.
18 Gannaaw ba ñu ca tegee ñetti at laa
doora dem Yerusalem, ngir xamanteji ak
Sefas*, toog fa moom ñaari ayi bés.
19 Teewul gisuma kenn ci ndaw yi ci des,
ku dul Yanqóoba, rakku Sang bi.
20 Li ma leen bind nii nag, Yàlla mi nu
tiim seede na ne du ay fen.

* **1.18** ***Sefas*** mooy Piyeer. Sefas mooy tur wu Almasi bi tudde taalibeem boobu. Seetal ci *Yowaan* 1.42.

21 Gannaaw gi laa dem diiwaani Siri ak
Silisi.
22 Waaye ba boobu, mboolooy gëmkati
Almasi ya ca diiwaanu Yude xamuñu ma
woon.
23 Déggoon nañu rekk ñu naan: «Ki nu
daan bunduxataal bu njëkk, di yàq sunu
yoonu ngëm wi de, léegi mooy yégle
xibaaru jàmm bi!»
24 Mboolooy gëmkat yooyu nag di sant
Yàlla ci man.

# 2

## *Ndawi Almasi ya doyloo nañu Póol*

1 Fukki at ak ñeent gannaaw gi laa dellu
Yerusalem, ànd ak Barnabas, yóbbaale Tit
itam.
2 Sama tànk yooyu nag am peeñu moo ko
waral. Ca laa wéetoo ak ña ñu jàppoon ne
ñooy kàngami mbooloom gëmkat ña,
faramfàcceel leen xibaaru jàmm bi may
yégal jàmbur ñi dul Yawut, ngir ragal sama
liggéey bi ma jota def, te di ko wéye, doon
coonob neen.
3 Moonte Tit mi ma àndaloon sax, tegeesu
ko fa wartéefu xaraf, te ci askanu gereg yi
dul xaraf la bokk.
4 Doonte booba, ay nit ñu tuddoo bokki
gëmkat ñoo yoxoosu ba tàbbi ci sunu biir,
ngir yëddu, ba luqatu ni nu moome sunu
bopp ndax Almasi Yeesu mi nu gëm, te li
ñu ci jublu mooy delloo nu ci buumi
njaam.
5 Waaye ñooñu, nangulunu leen lu
tollook simili sax, ndax bëgg leena sàmmal
dëggug xibaaru jàmm bi, ba mu sax ci yeen.
6 Teewul ñooñu ñu jàppe woon ay
kàngam, ak daraja ju ñu masoona am,
amalu ma solo, nde Yàlla amul xejj ak
seen, ñooñu yokkuñu lenn ci kàddu gi may
xamle.
7 Xanaa kay li ñu gis moo di ni Yàlla
yebale Piyeer ngir mu àgge askanu Yawut
yi xibaaru jàmm bi, noonu la ma yebale
ngir ma àgge ko jàmbur ñi xaraful,
8 ndax ki liggéey ci Piyeer, ngir mu doon
ndawam ci Yawut yi, moo liggéey ci man
itam, ngir may ndawam ci yeneen xeet yi.
9 Ña ñu jàppoon ne ñooy kenuy
mbooloom gëmkat ña nag, te ñuy Yanqóoba
ak Sefas ak Yowaan, ba ñu ràññee yiw wi
ñu ma jagleel, maak Barnabas lañu jox
loxo, ngir nun nu liggéeyi ca jàmbur ña, te
ñoom ñu liggéeyi ca Yawut ya.
10 Laajuñu lu moy nu fàttaliku néew
doole yi, te loolu di lu ma pastéefoo jëfe.

## *Póol yedd na Sefas ca Àncos*

11 Waaye ba Sefas dikkee Àncos, jàkk laa
ko def, weddi ko, ndax moo nekkul woon
ci dëgg.
12 Ndax kat balaa aw nit a dikk, bàyyikoo
fa Yanqóoba, Sefas da daan bokk lekk ak
jàmbur ñi dul Yawut. Waaye ba ñooñu
dikkee la rocciku, daldi beddeeku jàmbur
ñi, ndax ragal waa làng ga jàpp ne aaday
xaraf wartéef la.
13 Yeneen Yawut ya it di jinigalandoo, ba
Barnabas sax lajj topp leen ci seenug
naaféq.
14 Waaye ba ma gisee ne doxewuñu njub
gi dëggug xibaaru jàmm bi laaj, maa wax
Sefas ci kanam ñépp, ne ko: «Ndegam yaw
miy ab Yawut, yaa jëfewul ni ab Yawut,
xanaa di jëfe ni xeeti jàmbur ñi, ana lu tax
nga bëgga sëf diine Yawut jàmbur ñi dul ay
Yawut?»

## *Ngëm rekk a takku*

15 Nun danoo juddu diy Yawut, te
bokkunu ca bàkkaarkat yooyee di jàmbur yi
dul Yawut.
16 Xam nanu nag ne nit ki, du ci jëfi
sàmm ndigali yoon la ko Yàlla di baaxee
àtteb ku jub, waaye ci ngëm gu mu gëm
Yeesu Almasi bi. Te nun itam, Almasi
Yeesu lanu gëm, ngir Yàlla àtte nu àtteb ku
jub ci kaw gëm gu nu gëm Almasi bi, te du
ci kaw jëf ju nu sàmme ndigali yoon. Ndax
kat du ci jëfi sàmm yoon lees di baaxee
kenn àtteb ku jub.
17 Ba tey su nu dee sàkku àtteb ku jub,
ndax li nu gëm Almasi bi, te teewul nit ñi
gis ne nu ngi bàkkaar, nun itam, ndax loolu
day wund ne Almasi bi mooy xiirtale ci
bàkkaar? Mukk kay!
18 Ndaxam su dee tabaxub ndigalu yoon
bi ma tojoon, moom laa tabaxaat, maa def
sama bopp moykatub yoon.
19 Su dee wàllu yoonu Musaa nag, man
nit ku dee laa, te yoonu Musaa moo ko
waral, ngir ma mana dund dund gu ñeel

Yàlla. Dees maa boole ak Almasi bi rey ca
bant ba.
20 Moo tax dootul man maay dund,
waaye Almasi bi mooy dund léegi ci man.
Sama dundu yaramu suux wii tey nag, ci
ngëm gi ma gëm Doomu Yàlla laa koy
dunde, moom mi ma sopp, ba jébbale
boppam ngir man.
21 Duma neenal yiwu Yàlla, ndax kat su
doon ci sàmm ndigalu yoon lees di ame
àtteb ku jub, Almasi bi doon na dee cig
neen.

# 3

## *Dellu ci yoonu Musaa du xel*

1 Yeen waa Galasi, yeena ñàkk xel! Ku
leen gëlëmal, te leeralal nañu leen nan la
Yeesu Almasi bi deewe ca bant ba, ba mu
mel ni li ngeen teg bët?
2 Lenn rekk laa bëgg ngeen xamal ma
ko: ndax ci jëfi sàmm ndigalu yoon ngeen
jote Noowug Yàlla gi, am li ngeen dégg
xibaaru jàmm bi ba gëm ko moo leen ko
may?
3 Ana nu ngeen mana ñàkke nii xel?
Ngeen tàmbalee ci Noo gu Sell gi, ba noppi
di jéema mottalikoo jëfi nitu suuxu neen!
4 Dangeena dékku yii coono yépp ci
neen? Xanaa déet kay!
5 Ki leen di may Noo gi, tey sottal ay
kéemaan ci seen biir, ndax li ngeen sàmm
yoon moo tax mu di ko def, am li ngeen
dégg, ba gëm moo tax?
6 Noonu la Ibraayma gëme Yàlla ba Yàlla
nangul ko ngëmam, muy àtteb njub bu ñu
ko limal*.
7 Xamleen boog ne nit ñiy boroom ngëm,
ñooñu ñooy doomi Ibraayma.
8 Mbind mi moo waajaloon lu jiitu ne ci
kaw ngëm lees di baaxee xeet yi dul Yawut
àtteb nit ñu jub. Moo taxoon mu yégal
Ibraayma lu jiitu bii xibaaru jàmm: «Xeeti
àddina yépp ci yaw lañuy barkeele†,»
9 ba tax na, boroom ngëm yi lees di
booleek Ibraayma miy boroom ngëm,
barkeel leen.
10 Mboolem ñi yaakaar seen jëf ju ñu
sàmme yoonu Musaa, repp nañoo alku,
nde bindees na ne: «Alku ñeel na ku
saxoowul mboolem ndigal yi ñu bind ci
téereb yoon wi, ngir di ko jëfe‡.»
11 Li sàmm yoon taxul kenn jot àtteb ku
jub fi kanam Yàlla sax, lu leer nàññ la, nde:
«Ki ñu baaxe njub ndax ngëmam mooy
dund§.»
12 Yoon wi nag ajuwul ci ngëm, nde: «Kuy
jëfe ndigal yooyu, yaay dund ndax ñoom*.»
13 Almasi bi moom, moo nu jot ci
alkàndey yoon wi, ba mu doonee ku alku
ngir nun, nde: «Alkute ñeel na képp ku ñu
rey, wékk ko ci bant†.»
14 Noonu la deme ngir barkeb Ibraayma
wàcc ci xeet yi dul Yawut ndax Almasi
Yeesu, ngir itam nu jot ci digeb Noo gu Sell
gi, ci kaw ngëm.

## *Yoonu Musaa fecciwul kóllëre*

15 Bokk yi, ma misaale ko mbiri doom
aadama. Kayitub donale bu nit doŋŋ bind,
su dee lu wóor, deesu ko neenal, mbaa di
ci yokk dara.
16 Te Ibraayma lañu digoon dige yi mook
ki taxawal askanam‡. Newuñu: «ñi
taxawal ay askanam», mbete ñu bare
lañuy wax, waaye wenn rekk la: «ki
taxawal askanam,» te ki taxawal askanam
moo di Almasi bi.
17 Li ma ciy wax mooy lii: kóllëreg Yàlla
gi taxawe ni kayitu donale gu mu dëggal,
yoonu Musaa wi dikk ñeenti téeméeri at ak
fanweer gannaaw kóllëre gi, manu koo
neenal, ba fomm digeb§ Yàlla.
18 Su doon ci yoonu Musaa la ndonale ga
aju, kon dootul doon lu digeb Yàlla waral.
Waaye ci kaw ab dige la Yàlla baaxee
Ibraayma aw yiwam.

## *Ku gëm Almasi bi, yoonu Musaa wàcc na la*

19 Waaw kon yoonu Musaa, ana luy
njariñam? Dees koo toftal ca dige ba, ngir
muy fésal moyi nit ñi, ba keroog boroom
dige bi taxawal askanu Ibraayma, dikk.
Ay malaaka ñoo biral yoon wi, ci
ndimbalal ab jottalikat*.

* **3.6** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.6. † **3.8** Seetal ci *Njàlbéen ga* 12.3. ‡ **3.10** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 27.26. § **3.11** Seetal ci *Abakug* 2.4. * **3.12** Seetal ci *Sarxalkat yi* 18.5. † **3.13** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 21.23. ‡ **3.16** Seetal ci *Njàlbéen ga* 12.7; 13.15; 15.5,18; 17.7-8. § **3.17** Seetal ci *Njàlbéen ga* 17.1-8. * **3.19** ***jottalikat*** bi mooy Musaa.

20 Ab jottalikat nag ñaar a koy séq, te
Yàlla kenn doŋŋ la.
21 Ndax kon yoonu Musaa dafa juuyoo
ak digey Yàlla? Mukk kay. Ndax kat su
fekkoon ne dañoo maye wenn yoon wu
mana may nit ku ko sàmm, mu dund,
konoon sàmm gu nit ki sàmm yoon wi dina
tax ñu àtte ko àtteb ku jub fi kanam Yàlla.
22 Waaye Mbind mi biral na ne
mboolem àddina moo tënku ci kilifteefu
bàkkaar, ngir dige bi gëm Yeesu Almasi bi
di maye, mana dikkal aji gëm ñi.
23 Balaa yoonu ngëm wee dikk, dees noo
jàppoon tënk ci yoonu Musaa, ba kera
yoonu ngëm wi feeñee.
24 Noonu la yoonu Musaa doone sunu
njaatige, tette nu ba ci Almasi bi, ngir nu
baaxe nu àtteb nit ñu jub ci kaw ngëm.
25 Waaye léegi, bi yoonu ngëm wi dikkee,
nekkatunu ci kilifteefu njaatige.

## *Doomi Yàlla ngeen*

26 Yeen ñépp doomi Yàlla ngeen, ndax li
ngeen gëm Almasi Yeesu.
27 Ndax kat mboolem yeen ñi ñu sóob
sóobeb Almasi bi†, jëmmu Almasi bi ngeen
soloo.
28 Kon nag amul Yawut ak ku dul Yawut,
amul ab jaam ak as gor, amul góor ak
jigéen. Yeen ñépp benn ngeen ci Almasi
Yeesu.
29 Te su ngeen bokkee ci Almasi bi, yeen
ay askanu Ibraayma, te yeena jagoo dige
ba.

# 4

1 Li ma leen di wax nag mooy lii:
boroom ndono li ci kër gi, li feek mu dib
tuut-tànk, wuutewul akub jaam, doonte
moo moom lépp.
2 Ci kilifteefu ay wattukat aki saytukat
lay nekk ba kera mu àggee ca at ya ko
baayam àppaloon.
3 Nun itam naka noonu, ba nu dee ay
tuut-tànk yu nekk ci kilifteefu mbiri
àddina, ay jaam lanu woon.
4 Waaye ba àpp ba jotee, Yàlla moo yónni
Doomam, mu juddoo ci jigéen, juddoo ci
biir curgag yoonu Musaa,
5 ngir jot ñi ci curgag yoon wi, ba nu
jagoo cérub doom.
6 Li ngeen diy doom nag tax na Yàlla
yebal Noowug Doomam ci seen biir xol,
ba Noo gi naan: «Abba», muy firi Baay.
7 Moo tax dootuloo ab jaam, doom nga.
Gannaaw doom nga nag, boroom cér nga
it fa Yàlla sa baay.

## *Póol am na njàqare ci waa Galasi*

8 Bu njëkk, ba ngeen xamul Yàlla, ay yàlla
yu dul dëgg ngeen daan jaamu.
9 Waaye léegi bi ngeen xamee Yàlla,
mbaa bi leen Yàlla ràññee, nu ngeen mana
delluwaate ci mbiri àddina yooyu boole
tële ak ñàkk njariñ, bay nekkaat seeni
jaam?
10 Yeena ngi wormaal yenn bés yi aki
weer ak ay fan aki at!
11 Li may ragal ci yeen daal mooy sama
coono ci yeen di neen.

## *Póol tinu na waa Galasi*

12 Yeen laay tinu, bokk yi, melleen ni
man, ci yooyu mbir, ndax man itam ni
yeen laa mel. Tooñuleen ma benn yoon.
13 Xam ngeen ne tëleg yaram moo ma
mayoon yoon wa ma leen njëkka àgge
xibaaru jàmm bi.
14 Nattu ba leen sama woppi yaram
tegoon it taxul ngeen jéppi ma, taxul
ngeen beddi ma. Ni malaakam Yàlla ngeen
ma dalale, mbaa ni Yeesu Almasi bi.
15 Ana seen mbég mooma woon nag?
Ndax kat maa leen seedeel ne su manoona
am sax, seeni bët ngeen di luqi, jox ma.
16 Xanaa li ma leen di wax dëgg daa tax
ma mujj di seenub noon?
17 Yitte ju réy ji ñenn ñiy taqoo ak yeen
de, jubluwuñu ci lu baax. Dañu leena
bëgga tàggale ak nun, ba ngeen taq leen.
18 Yitte ju réy ju ñu am ci nit ki nag,
ndegam lu baax lees ci jublu, saa su nekk
lay baax, waaye du rekk saa yu ma teewee
ci seen biir.
19 Yeen samay doom! Maa ngi dellooti ci
mat wu ma leen jure woon ni jigéen, ba
keroog Almasi bi mate sëkk ci yeen.
20 Maaka bëggoona nekk ak yeen tey, ba
gëna misaale sama baat, nde jàq naa lool ci
yeen!

† **3.27** sóobeb Almasi bi: seetal ci Yowaan 1.33.

*Ajara ak Saarata ay misaal lañu*

21 Waxleen ma, yeen ñi bëgga nekk ci
kilifteefu yoonu Musaa, xanaa xamuleen
li yoon wi wax?
22 Bindees na ne Ibraayma ñaari doom
yu góor la am: kenn ki jaam bi jur, ak ki
gor si jur.
23 Doomu jaam bi moo juddu ci kaw
coobarey bakkanu nit, waaye ki gor si jur,
ci kaw digeb Yàlla la juddu*.
24 Mbir mi misaal a ngi ci. Ñaari jigéen ñi
ñaari kóllëre lay bijji. Genn kóllëre gi
bawoo tundu Sinayi moo meññ lu ñeel
njaam, te kooku mooy Ajara.
25 Ajara moomu mooy tundu Sinayi wa
ca réewum Arabi, te moo taxawe
Yerusalem gii tey, dëkk bii dib jaam mook
doomam yi ko dëkke.
26 Waaye Yerusalem ga fa kaw, mooy
gor si, te moom mooy sunu ndey.
27 Ndax kat bindees na ne:
«Yaw mi jaasir, ba juroo, xaacul,
yaw mi xamul mititu mat, sarxolleel,
nde ndaw si ñu foñ moo gëna jaboot
kiy séy†.»
28 Yeen nag bokk yi, yeenay doomi digeb
Yàlla, ni ko Isaaxa doone.
29 Waaye doom ji juddoo ci coobarey
bakkan, noonu mu daan bunduxataale,
bu njëkkoon, doom ji juddoo ci Noowug
Yàlla, noonu rekk lay deme ba tey jii.
30 Ana lu ci Mbind mi wax? Mu ne:
«Dàqal jaam bu jigéen bii ak doomam,
ndax doomu jaam bi du donnandoo ak
doomu gor si‡.»
31 Kon nag bokk yi, nun dunu doomi
jaam bi, waaye nooy doomi gor si.

# 5

*Buleen delluwaat cig njaam*

1 Almasi bi da noo yiwi, ngir nu yiwiku,
kon nag saxooleen ko, te baña laxasooti
buumi njaam.
2 Dama ne, man Póol maa leen wax, ne
leen, su ngeen demee ba ñu xarafal leen
kay, Almasi bi amalatu leen benn njariñ.
3 Ma artooti képp ku dem ba ñu xarafal
ko, ne ko mboolem yoon wi la wara jëfe.
4 Yeen ñiy sàmm yoonu Musaa, di ko
sàkkoo àtteb njub fa kanam Yàlla, daggoo
ngeen ak Almasi bi, ñàkk ngeen yiwu Yàlla.
5 Ndax nun kat, ci ndimbalal Noo gu Sell
gi ak ci sunu kaw ngëm lanu yaakaare
njub gi nuy séentu.
6 Ci Almasi Yeesu mi nu gëm, xaraf ak
ñàkka xaraf, dara amu ci solo; li am solo
mooy ngëm gi jëfi cofeel di firndeel.
7 Seen njàlbéenu xél de baax na! Ana ku
leen gàllankoor ba toppuleen dëgg gi?
8 Loolu leen fàbbi de jógewul ci ki leen
woo.
9 As lawiir, tooyalub sunguf bépp lay
funkil.
10 Man de gëm naa ndax Boroom bi, ne
dungeen wuuteek man xalaat benn yoon
ci lii. Waaye kiy jaxase seenum xel, ak ku
mu mana doon, mooy gàddu mbugalam.
11 Man nag bokk yi, su ma dee xiirtale ci
xaraf, ana lees may bunduxataaleeti? Kon
kay sama waareb deewu Almasi bi ca
bant ba dootul doon ag tooñ ci kenn.
12 Ñi leen di lëjal ak waxi xaraf, nañu
xuuf boog seen ngóorag bopp benn yoon!

*Doxeleen Noowug Yàlla*

13 Yeen de bokk yi, cig yiwiku lees leen
woo. Moytuleen lenn rekk: bu seenug
yiwiku diw lay, ngir topp seen bakkan,
waaye deeleen surgawoonte ngir cofeel.
14 Ndax yoonu Musaa wépp, ci lenn
ndigal lii la tënku: «Ni ngeen soppe seen
bopp, nangeen ko soppe seen moroom*.»
15 Waaye su ngeen dee màttante aka
lekkante kat, moytuleena far yàqante
yaxeet!
16 Li ma leen di wax moo di: doxeleen
Noowug Yàlla, su boobaa dungeen topp
seen xemmemtéefi bakkan.
17 Ndax bakkan, la muy xemmem, daa
dëngoo ak Noo gi; Noo gi it, la muy
xemmem dëngoo ak bakkan. Dañu di ñaar
yu féewaloo, te moo tax dungeen def la
ngeen nammoona def.
18 Waaye su leen Noo gi jiitee, su boobaa
nekkatuleen ci kilifteefu yoon wi.

* **4.23** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.4-6; 17.15-21. † **4.27** Seetal ci *Esayi* 54.1. ‡ **4.30** Seetal ci *Njàlbéen ga* 21.10. * **5.14** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18.

19 Jëfi bakkan nag yomb naa xàmmee, te
mooy: séy yi yoon tere ak jëfi sobe ak
yàqute
20 ak bokkaale ak xërëm ak mbañeel ak
féewaloo ak kiñaan ak mer mu ëpp ak jiital
say bëgg-bëgg ak réeroo ak xàjjalikoo
21 ak ñeetaane ak màndite ak xawaare yiy
ànd ak moy ak yeneen yu ni mel. Ma artu
leen nag, na ma leen artoo woon: ñiy jëfe
noonu, amuñu cér ci nguurug Yàlla.
22 Meññeefum Noowug Yàlla nag moo di:
cofeel ak mbég ak jàmm ak xolu muñ ak
mbaax akug tabe ak ngëm
23 akug teey ak noot sa bakkan. Yu mel
noonu, wenn yoon bañu ko.
24 Ñi bokk ci Almasi Yeesu nag, ñoo daaj
ca bantam ba seen bakkan, daajaale ko ak
sàkkuteefam yu tar aki xemmemtéefam.
25 Gannaaw nag Noowug Yàlla moo nu
dundal, nanu topp Noo gi.
26 Bunu di yég sunu bopp, di merloonte
aka iñaanante.

# 6

### *Dimbalanteleen*

1 Bokki gëmkat ñi, su ñu bettee nit ci ag
tooñ, yeen ñi topp Noowug Yàlla,
waññileen ko ndànk, te kenn ku nekk ci
yeen xoolaat boppam bu baax, ngir seen
bakkan bañ leena xiirtal, ba ngeen daanu
ci fiir, yeen itam.
2 Yenuleen seeni yeni moroom, su
boobaa ngeen di topp yoonu Almasi bi, ba
mu mat sëkk.
3 Ku foog ne moo am solo, te du dara
nag, boppam lay nax.
4 Ku ci nekk, jëfi boppam, na ko niir. Su
ci amee lenn lu mu mana sagoo, na ko
yemale ci boppam, te baña sagoo lenni
boppam lu mu xool ci ñeneen,
5 nde ku nekk ak sa añu jëfi bopp.
6 Ki ñuy jàngal kàddug Yàlla nag war naa
sédd ki koy jàngal ci mboolem alalam.
7 Bu leen lenn nax; Yàlla deesu ko
foontoo. Nit ki, li mu ji, moom lay góob.
8 Ku jiwal bànneexu bakkanam, ci
bànneexu bakkanam lay jële ngóobum
yàqute; ku jiwal Noowug Yàlla, ci Noo gi
ngay góobe texe gu sax dàkk.
9 Bunu tàyyi ci def lu baax, nde bu jotee
rekk nooy góob, ndegam yoqiwunu.
10 Kon nag bi nu koy jekku, nanuy def lu
baax, ngir ñépp, rawatina waa kër yoonu
ngëm wi.

### *Na gëmkat bi doon mbindeef mu bees*

11 Seetluleen mbind mi; ci araf yu mag
yii ngeen wara xàmmee, ne sama loxol
bopp laa ko binde!
12 Ñi leen di xiir ci xaraf mooy ñi ngistal
tax ñu bëgg nit ñi gërëme leen seen melow
yaram, te jubluwuñu ci lu moy ragal ku
leen bunduxataal ndax deewug Almasi gi
ñuy xamle ne mooy taxa mucc.
13 Ñi xaraf ñoom ci seen bopp sax
toppuñu yoon wi. Teewul ñu bëgg ngeen
xaraf, ngir mana damoo seen màndargam
yaram, yeen ñi ñu xarafloo.
14 Waaye man de yàlla buma damoo
lenn lu moy deewug sunu Boroom Yeesu
Almasi bi ca bant ba. Bant boobu moo tax
àddina di lu ñu ma daajal ci bant, ba àddina
dee; man it may lu ñu daajal àddina ci bant
ba ma dee.
15 Xaraf ak ñàkka xaraf, dara amu ci solo.
Li am solo mooy doon mbindeef mu bees.
16 Mboolem ñiy sàmm ndigal lii nag, te di
Israayilu Yàlla, jàmm ak yërmande ñeel na
leen.
17 Li ci des moo di gannaaw-si-tey, bu
ma kenn lëjalati, ndax légét yi ci sama
yaram, samag bokk ci Yeesu la màndargaal.
18 Bokk yi, yal na sunu yiwu Boroom
Yeesu Almasi bi ànd ak seenum xel. Amiin.

# Bataaxal bi Póol bind waa Efes

Efes dëkk la woon bu fééte ci réew mu ñuy wax tey Tirki. Amoon na fa màggalukaay bu ñu doon jaamoo tuur bu tudd Artemis. Póol jàngale na xibaaru jàmm bi ci Efes lu tollook ñaari at (*Jëf ya* 19).

Ci bataaxal bii, Póol dafa fàttali gëmkat yi li seen booloo ci Almasi bi di tekki. Jële na am njàngat ci *Taalifi cant* 8.7: Yàlla «jox na nit lépp, mu teg tànk.» Nit lajj, kon li Yàlla namm, moo di dajale lépp ci kilifteefu Almasi bi. Almasi bi mooy bopp bi tiim lépp, te mboolooy ñi koy topp ñoo taxawe yaramam. Jenn Yàllaa am, ak wenn yaram, ak jenn yaakaar ju leen seen wooteb Yàlla jëme. Su ñu dundee dundin wu yellook wooteb Yàlla, di jàmmoo, di sàmm seenug bennoo ci ndimbalal Noowug Yàlla gi ñu bokk, dinañu mana jànkoonteek pexey Seytaane.

Póol bind na bataaxal yi ñeel waa Efes ak waa Filib ak waa Kolos, bi ñu ko jéngee, tëj ko kaso.

Ci tënk:

- 1.1—3.21 Yàlla baaxe na leen bépp barkeb biir ci Almasi bi.
- 4.1—6.24 Ci ndimbalal Noowug Yàlla gu Sell gi lañu wara dunde dundin wu yellook wooteem.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Póol, ndawal Almasi Yeesu ci
coobarey Yàlla, ci man la kàddu gii bawoo,
ñeel ñu sell ña ca Efes te di ñu sàmm seen
kóllëre ak Almasi Yeesu.
2 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, bawoo fa
Yàlla sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.

### *Ay barkee ngi ci Almasi bi*

3 Cant ñeel na Yàlla, Baayu sunu Sang
Yeesu Almasi bi nu baaxe bépp barkey
biir, ci Almasi bi nu bokk, fa déndi
asamaan ya.
4 Te mooy noonu mu nu tànne ba àddina
sosoogul ndax Almasi bi nu bokk, ngir nu
doon ñu sell te mucc sikk fa kanamam. Ci
biir cofeel
5 la dogaloon lu jiitu, ne ci Yeesu Almasi
bi la nuy defe ay doomi boppam, te muy
bànneexam, di coobareem.
6 Moo tax cant ñeel ko, ndax yiwam wu
màgg wi mu nu baawaanal ci Soppeem bi.
7 Ci moom lanu ame njot gi nu sottalal
njéggalug moy, ndax deretam ji tuuru,
noonu ko Yàlla defe ci yiwam wu yaa,
8 wi mu nu baawaanal, mayaale nu
mépp xel mu rafet akug dégg.
9 Moo nu xamal mbóotum coobareem mi
mu nammoona sottale naka jekk ci
Almasi bi, na mu ko neexe.
10 Li Yàlla namm, bu fan yi matee, moo
di dajale lépp ci kilifteefu Almasi bi,
mboolem la fa asamaan ak li fi suuf.
11 Ci moom lanu jote sunu muur ci kaw
dogalu Yàlla mi nu tànn lu jiitu, moom miy
sottal lépp ni mu ko namme ci coobareem.
12 Moo tax nu di ko sante màggaayam,
nun ñi njëkka wékk sunu yaakaar ci
Almasi bi.
13 Kooku, yeen ñi dul Yawut, ba ngeen
déggee, yeen itam kàddug dëgg gi, xibaaru
jàmm bi jëm ci seenug mucc, gannaaw ba
ngeen gëmee, ci moom itam lañu leen
màndargaale Noo gu Sell gi ñu dige woon.
14 Noo gi moo di dawal bi nu jotagum ci
sunu muur, ba kera njotug ñoñi Yàlla
matee, ba nit ñi sante Yàlla màggaayam.

### *Póol sant na, ñaan na*

15 Moo tax man it, bi ma déggee ba tey,
seen ngëm ci Sang Yeesu ak cofeel gi
ngeen sopp gëmkat ñu sell ñépp,
16 noppiwumaa sant Yàlla ndax yeen, te
maa ngi leen di fàttaliku ci samay ñaan,
17 ngir Yàllay sunu Sang Yeesu Almasi bi,
Baay bu màgg bi, sol leen xel mu rafet ak
ngis, ngir ngeen man koo xam bu baax.
18 Ngir itam seen bëti xol leer ba ngeen
gis yaakaar ji ci wooteem ak ni ay
ngëneelam géejoo te yéeme, ñeel ñu sell ñi
mu séddoo.
19 Ngeen boole ci xam manooreem gu
nattuwul gi mu nu lañalal, nun gëmkat ñi.
Manoore googu feeñ na ci jëf ji sottee ci
kàttanam ak dooleem
20 ji mu fésal ci Almasi bi, ba mu ko
dekkalee, dëël ko ci ndijooram fa déndi
asamaan.

21 Foofa la Almasi bi tiime lu sore gépp
nguur ak bépp sañ-sañ ak gépp manoore
ak gépp kilifteef ak wépp tur wees di tudd,
muy tey di ëllëg.
22 Yàlla moo teg lépp fi roni tànkam*, te
moo ko def muy bopp bi tiim lépp, ñeel
mbooloom gëmkat ñi,
23 mbooloo miy aw yaramam. Ci
mbooloo mi nag la Almasi bi teewe
teewaay bu mat sëkk, te Almasi bi mooy
matal lépp ci ñépp.

## 2

### *Gëm, soppi*

1 Yeen dangeena dee woon ndax seeni
moy ak seeni bàkkaar
2 yi ngeen doon dunde démb, ngeen
àndoon ci ak doxalinu àddinay tey jii, ak ku
bon kiy kàngamu boroom baat yi ci jaww ji
asamaan tiim, di boroom xel mu bon mi
wéye liggéeyam ci biir aji déggadi ñi, tey.
3 Ci ñoom lanu bokkoon nun ñépp itam;
mas nanoo topp sunu bakkan, di jëfe lu
sunu bakkan ak sunum xel xemmem.
Sunu bindu nit taxoon na noo yeyoo am
sànj ni ñépp.
4 Waaye Yàlla mi bare yërmande, ci kaw
cofeel gu réy gi mu nu sopp,
5 nun ñi doon nit ñu dee ba noppi ndax
sunuy moy, moo nu booleek Almasi bi,
dundalaat nu. Ci kaw yiw daal ngeen
mucce.
6 Ci sunu bokk ak Yeesu Almasi bi la nu
Yàlla dekkalandoo ak moom, dëëlandoo
nook moom fa déndi asamaan.
7 Mbaax gi nu Yàlla won ci Almasi Yeesu,
moom lay firndeele mboolem xarnu yiy
ñëw, ni yiwam yaatoo ba tiiñ am xel.
8 Ndax kat ci yiw ngeen mucce ci kaw
ngëm, te loolu jógewul ci yeen, mayu Yàlla
la;
9 du peyu jëf, ba kenn di ci kañu.
10 Ndax kat noo di liggéeyu Yàlla; Yàllaa
nu yeesal ci Almasi Yeesu, ngir nu wéye jëf
ju rafet ja mu nu fàgguloon ca njàlbéen,
ngir nu di ko jëfe.

### *Gëmkati Almasi bi benn lañu*

11 Kon nag, yeen jàmbur ñi dul Yawut cib
juddu, yeen ñi ñuy woowe yéefar yi
xaraful, te ñi leen ko dàkkentale woon di
Yawut yi xarafe ci loxol nit ku leen xarafal
ci seen yaram, fàttalikuleen seen démb.
12 Jant yooyu amuleen woon benn cér ci
Almasi bi, te amuleen woon jenn yelleef ci
mbootaayu bànni Israayil. Bokkuleen
woon ci kóllëre yi ëmb digeb Yàlla, te mu
fasoo ko ak ñoom. Ñàkk yaakaar ak ñàkka
xam Yàlla ngeen nekke woon ci àddina.
13 Waaye yeen ñi sore woon, léegi bi
ngeen nekkee ci Almasi Yeesu, jege ngeen
ndax deretu Almasi ji tuuru.
14 Ndaxte moom mooy sunu jàmm,
moom mi boole ñaar, Yawut bi ak jàmbur bi
dul Yawut, def leen kenn. Ci suuxu
yaramam wa ñu daaj la ñàggee ñagu
mbañeel bi doxoon sunu diggante.
15 Yoonu Musaa ak santaane yaak
ndigal ya, moom la xewwil, ngir yeesal
ñaar ñi, Yawut beek jàmbur bi, ci jenn
jëmmu boppam, ñu doon kenn nit ku yees,
ba jàmmoo.
16 Ñaar ñi la Almasi bi boole ci jenn
jëmm, jubale leen ak Yàlla, ca bant ba ñu ko
daajoon, te bant ba la dakkale sunub
tongoo.
17 Moo dikke xibaaru jàmm buy yégle
jàmm ju leen ñeel, yeen jàmbur ñi ko sore
woon, te ñeel nu, nun ñi ko jege,
18 ndax nun ñaari xeet yépp, ci moom
Almasi bi lanu jote ci Baay bi, ci ndimbalal
genn Noo gu Sell gi.
19 Kon nag dootuleen ay gan mbaa ay
doxandéem, waaye ay nawley ñu sell ñi
ngeen, te waa kër Yàlla ngeen.
20 Yeena di tabax bi ndawi Almasi bi ak
yonent yi di fondmaa bi, te Almasi Yeesu
ci boppam di doju koñu tabax bi.
21 Ci moom la tabax bi bépp di temboo,
ba jóg, doon jaamookaay bu sell ngir
Boroom bi.
22 Ci Almasi bi ngeen bokke ci tabax bi,
yeen jàmbur ñi itam, ba mana doon
dëkkuwaayu Yàlla, ci ndimbalal Noo gu Sell
gi.

## 3

### *Póol xamle na mbóotum Yàlla*

* **1.22** Seetal ci *Taalifi cant* 8.7.

[1] Moo ma tax di ñaan, man Póol mi ñu tëj
ngir Almasi bi, ndax ñi dul Yawut, yeen
jàmbur ñi,
[2] ndegam yég ngeen sas wi ma Yàlla sas
ciw yiwam, ñeel leen.
[3] Ci am peeñu lañu ma xamale mbóot
mi, noonu ma leen ko tënkale woon ci
bataaxal.
[4] Bu ngeen jàngee loolu, dingeen ràññee
bu baax, ni ma dégge mbóot mi ci mbirum
Almasi bi.
[5] Moomu mbóot, xamaleesu ko woon
doom aadama yi, ca janti maas ya woon,
ni ñu ko feeñalale tey, ñu sell ñi diy
ndawam ak yonent yi, ci ndimbalal Noo
gu Sell gi,
[6] ba mu leer ne jàmbur ñi dul Yawut ñooy
bokk ak Yawut yi benn cér, ñooy doon
wenn yaram, te ñooy bokk benn dige bi ci
Almasi Yeesu, ni ko xibaaru jàmm bi
xamlee.
[7] Xibaaru jàmm boobu lañu ma def ab
jawriñam, te Yàlla, ciw yiwam, moo jëfe
manooreem, ba jagleel ma boobu cér.
[8] Man mi yées ci ñu sell ñépp lañu may
woowu yiw, ba may xibaar jàmbur ñi dul
Yawut xéewal yu amul kem yi ci Almasi bi.
[9] May niital ñépp, ni Yàlla nara sottale
mébétam, miy mbóot mu làqu woon naka
jekk fa moom Yàlla mi sos lépp.
[10] Su ko defee boroom nguur yeek
boroom sañ-sañ ya fa déndi asamaan
mana xame ci mbooloom gëmkati Almasi
bi, xel mu rafetum Yàlla, ni mu yaatoo ci
fànn yu nekk.
[11] Loolu moo doon naka jekk
nammeelam gi mu sottale ci Almasi Yeesu
sunub Sang.
[12] Ci Yeesu, ci kaw ngëm gu nu ko gëm
lanu ñemee àgge fit wu mat sëkk fa kanam
Yàlla.
[13] Kon nag dama leen di ñaan, ngeen
baña yoqi ngir coono yi may sonn ndax
yeen; lépp seen teraanga la.

## *Saxoo gëm moo mata ñaan*

[14] Looloo ma taxa sukk sama bëti óom,
janook Baay bi,
[15] ki gépp njabootug asamaan ak suuf
jële aw tur.
[16] May ñaan nag, mu may leen, ci koomu
teraangaam, seen jëmmu biir feddaliku ak
kàttanu Noowam gu Sell.
[17] Su ko defee seen ngëm tax Almasi bi
dëkke seen xol, ngeen sax ay reen yu
sampe ci biir cofeel,
[18] ngir yeen ak mboolem ñu sell ñi,
seenum xel mana jàpp, ni mu leen ware,
luy yaatuwaayub cofeelu Almasi bi ak
guddaay ba ak kawewaay ba ak xóotaay
ba.
[19] Ngeen boole ci daj cofeelu Almasi gi
wees xam-xam, ngir ngeen fees, ba fees
dell ak koomu Yàlla.
[20] Moom mi mana jëfoo kàttan giy liggéey
ci nun, ba sottal mboolem lu nu ñaan ak lu
nu xalaat, ba wees loola fuuf sax,
[21] moo yelloo daraja ci biir mbooloom
gëmkat ñi, ak ci Almasi Yeesu, tey ak ëllëg,
ba fàww. Amiin.

# 4

## *Mbooloom gëmkat ñi wenn yaram la*

[1] Dama leen di dénku nag, man mi ñu tëj
ndax Sang bi, ngir ngeen dund dundin wu
yellook wooteb Yàlla bi mu leen woo.
[2] Saxooleen woyof, lewet, te deeleen
muñ, di muñalante ngir cofeel.
[3] Defleen seen kem kàttan, ngir di
jàmmoo, ba mana sàmm seenug bennoo ci
biir Noo gu Sell gi ngeen bokk.
[4] Wenn yaram a fi nekk ak genn Noo ak
jenn yaakaar ju leen wooteb Yàlla jëme.
[5] Benn Sang bi la it, ak genn ngëm ak
genn sóobu cim ndox*.
[6] Te it jenn Yàllaa am; mooy Baayu ñépp,
moo tiim ñépp, di jëf ci ñépp te nekk ci
ñépp.
[7] Waaye ku nekk ci nun ak mayam, ci
yiwu Yàlla, ni ko nattub Almasi bi séddalee.
[8] Moo tax ñu ne:
«Moo yéeg fa kaw-a-kaw,
yóbbaale gàngoor gu mu jàppe xare,
te moo séddale nit ñi ay may†.»
[9] Li ñu ne «moo yéeg,» ana lu muy tekki lu
moy wàccoon na it ba fu gëna suufe?
[10] Kooku wàccoon mooy kenn ki yéegaat ba
tiim asamaan yépp, ngir def lépp feese
jëmmam.

* **4.5** ***sóobu cim ndox*** la gëmkatub Almasi bi di firndeele ngëmam. † **4.8** Seetal ci *Taalifi cant* 68.19.

11 Moo may ñii di ay ndawam, ñee di ay
yonent, ñee di ay xamlekati xibaaru jàmm
bi, ñale di ay sàmmi mbooloom gëmkat ñi,
mbaa ay jàngalekat.
12 Almasi bi moo waajale noonu ñu sell ñi,
ba ñu mana bey seen sas ci liggéeyam, ngir
tabax mbooloom gëmkat mi taxawe
yaramu Almasi bi.
13 Su ko defee nu mana màgg nun ñépp ba
doon benn ci ngëm ak ci xam-xam bu mat
ci Doomu Yàlla ji, ba kera nuy doon
magum jëmm, bay tollook taxawaayu
Almasi bi mat sëkk.
14 Su boobaa nu noppee doon ay
tuut-tànk yu nit ñiy muusaatoo kàddu yu
mel ni gannax yu nuy baaje ak ngelawal
mboolem àlluwa ju bees ju nuy
pamti-pamtee ci seen biir pexey naxe ak
njublaŋ, ngir fàbbi nu.
15 Su boobaa kay, dëgg gu nu wodde
cofeel lanuy wéye, tey màgg ci bépp fànn, ci
moom Almasi biy bopp bi.
16 Ci moom miy bopp bi la yaram wépp
di déggoo, temboo ndax ndimbalal
mboolem tenqo yi koy saytu, na mu
dëppook wàllu cér bu ci nekk. Su ko defee
yaram wiy yokku, di màgg ci biir cofeel.

## *Ku gëm Almasi bi war koo roy*

17 Lii nag maa leen ko wax, te di ko biral
ci turu Boroom bi: ni xeeti yéefar yiy jëfe,
topp seen xalaat yu tekkiwul dara, buleen
jëfeeti noonu.
18 Seenum xel a tàbbi ag lëndëm, ñu
tumurànke dundin wi Yàlla di maye, te
umple gi ci ñoom moo tax, ndax seenug
dëgër bopp.
19 Dañoo mujj dërkiis, yebu ci topp seen
bakkan, ba xaabaabal ci jépp jëfi sobe.
20 Yeen nag du loolu ngeen jànge ci
Almasi bi,
21 ndegam kay Yeesu ci boppam ngeen
dégg mbiram, ba jànge ci moom, dëgg gi
bawoo ci moom,
22 te mooy ngeen bàyyi seen jikko ju
njëkk ja, ngeen teqalikoo ak seen jëmm ja
woon démb, jëmm ja masa topp bànneexi
bakkan yuy naxe, ba sóobu ci yàqute.
23 Su ko defee ngeen mana yeeslu ci
seenum xel, ci ndimbalal Noowug Yàlla,
24 te ngeen soloo jëmm ju yees ji Yàlla
sàkke ci takkndeeram, di jëfe njub ak
sellaay ji dëgg di jur.

## *Póol lim na meloy gëmkat bu dëggu*

25 Kon nag bàyyileen fen, te ku nekk di
wax sa moroom dëgg, ndax ku nekk ci
yeen sab céru moroom nga.
26 Buleen mer ba bàkkaar, te bu jant bi
sowe seen mer;
27 buleen xajal Seytaane.
28 Sàcc bi, na bàyyi sàcc te nangoo sonn,
di liggéeye loxoom liggéey bu rafet, ba
man cee dimbali néew-ji-doole ji.
29 Bu genn kàddu gu bon génne seen
gémmiñ, xanaa su ko jaree ngeen wax lu
baax, luy jariñe, te diw yiw ci ñi koy dégg.
30 Te it buleen tiisal Noowug Yàlla gu Sell
gi leen màndargaale xàmmikaayam ngir
bésub njot ba.
31 Lépp luy wextan ak naqari deret ak
mer mu ëpp ak coow ak saaga, na lépp
buube, ba génne ci seen biir, mook
mboolem jëfi coxor.
32 Baaxleen ci seen diggante, di
ñeewantante, tey baalante, ni leen Yàlla
baale ci Almasi bi.

# 5

1 Kon nag doonleen ay roykati Yàlla,
gannaaw yeenay doomam yi mu sopp,
2 te ngeen di doxale cofeel, ni Almasi bi
nu sopp, ba joxeel nu bakkanam, def ko
saraxu sawara ngir xetug jàmm gi neex
Yàlla.
3 Lu jëm nag ci séy yi yoon tere, ak jépp
jëfi sobe, mbaa ag bëgge, li jekk ci ay nit ñu
sell, moo di ñu bañ koo tudd sax ci seen
biir,
4 te ag ñàkk kersa ak waxi caaxaan ak
kaf yu bon, dara jekku ci, waaye
saxooleen kàdduy cant.
5 Ndax lii kat na leen wóor: képp ku
nekke séy yi yoon tere, mbaa jëfi sobe,
mbaa ag bëgge, kooku amul cér ci nguurug
Almasi bi ak Yàlla, ndax ku bëgge ab
bokkaalekat la.

## *Jëfeleen ni niti leer*

6 Bu leen kenn naxe waxi ngelawal
neen, ndax yooyu ma lim mooy wàcce
sànjum Yàlla ci kaw aji déggadi ñi.

7 Kon nag buleen séq ak ñooñu dara.
8 Ag lëndëm ngeen woon démb, waaye
tey ag leer ngeen ci Boroom bi ngeen
bokk. Jëfeleen nag ni niti leer.
9 Li leer gi ci yeen di meññ moo di
mboolem luy mbaax ak njub ak dëgg.
10 Rààññeeleen li neex Boroom bi;
11 jëfi lëndëm amul njariñ, buleen ci
bokk, xanaa ngeen feeñal ñaawtéefu jëf ja.
12 Ndax kat li nit ñooñu di làquy def,
waxtaane ko sax, lu ruslu la.
13 Waaye mboolem lu ñu feeñal, leer ga
ñu ko leerale moo ko wone,
14 te lépp lu ñu wone ci ag leer, di ag leer.
Moo tax ñu ne:
«Yaw miy nelaw, yewwul,
dekkil, Almasi bi leeral la.»
15 Kon nag xoolleen bu baax seen jëfin,
defleen jëfinu nit ñu am xel, te baña mel ni
ñu ñàkk xel.
16 Jariñooleen lu ngeen man jot gi ngeen
amagum, ndax jant yu bon a ngii tey.
17 Moo tax buleen def jëfi ñàkk bopp,
waaye jéemleena xam coobarey Boroom bi.
18 Buleen naan biiñ ba màndi, màndite ci
afal seen bakkan la leen jëme, waaye na
leen Noowug Yàlla fees,
19 ngeen di jàngalante taalifi cant yi ak
woyi cant yi ak woy yu fentoo ci Noowug
Yàlla gi, di woy aka kañ Boroom bi ci seen
xol.
20 Fu ngeen tollu, ak ci mbir mu mu
mana doon, santleen Yàlla Baay bi ci sunu
turu Sang Yeesu Almasi bi,
21 te ngeen rus Almasi bi, ba tax ngeen
di nangulante.

## *Jabar mokk, jëkkër sopp*

22 Na jabar nangul jëkkëram ni mu
nangule Sang bi.
23 Almasi bi moo di Musalkatu
mbooloom gëmkat ñi, mbooloo mi di aw
yaramam. Te itam ni Almasi bi dee boppu
mbooloom gëmkat ñi, ni la jëkkër ji dee
boppu jabaram.
24 Kon nag ni mbooloo mi nangule
Almasi bi, ni la jabar ji wara nangule
jëkkëram ci lépp.
25 Jëkkër nag, na sopp jabaram ni Almasi
bi soppe mbooloom gëmkat ñi, ba joxeel
leen bakkanam.
26 Moo defal loolu mbooloo mi, ba man
koo setale cangaayal ndox mu ànd ak
kàddoom, ngir sellal ko.
27 Li mu ci namm moo di teewal
mbooloo mi fi kanamam, mu mel ni ab
séetam bu ne rààññ, gàkkul, rasul, taqul
lenn, xanaa sell, mucc sikk.
28 Noonu la jëkkër ji wara soppe
jabaram, ni mu soppe yaramu boppam
rekk. Sopp sa jabar sopp sa bopp la,
29 ndax kenn masula bañ suuxu
boppam, xanaa mu di ko dundal, di ko
toppatoo, ni Almasi bi ak mbooloom
gëmkat ñi,
30 nde noo di céri yaramam.
31 Ni ko Mbind mi indee: «Looloo tax góor
di teqalikook ndeyam ak baayam, taqoo
ak jabaram, ba ñoom ñaar di wenn suux
doŋŋ*.»
32 Mbóot mu xóot a ngi ci dog boobu,
waaye man, li may wax moo di dog bi moo
misaal diggante bi Almasi bi séq ak
mbooloo mi.
33 Teewul ngeen moom ko, yeen itam;
kon na ku nekk sopp jabaram ni mu soppe
boppam, te ku nekk weg jëkkëram.

# 6

## *Waajur na yar, te njaboot di dégg*

1 Naka yeen xale yi, déggalleen seeni
waajur, ngir Boroom bi, ndax moo war.
2 «Teralleen seen ndey ak seen baay*,»
mooy ndigal li njëkka ànd akub dige,
3 ndax da ne: «ngir ngeen baaxle te gudd
fan ci kaw suuf†.»
4 Yeen ñiy baay it, buleen xoñoñal xale
yi, waaye yarleen leen, di leen jubbanti, di
leen xamal coobarey Boroom bi.

## *Na jaam ak sangam déggal Boroom bi*

5 Yeen jaam yi, déggalleen seen sangi
àddina, ànd ceek ragal Yàlla bay kat-kati, ak
xol bu dëggu. Ni ngeen déggale Almasi bi,
nangeen leen ni déggale.
6 Buleen ko defe ngistal, mbaa ngeen di
ko sàkkoo lu leen neex, na di yéene ju
ngeen tibbe ci seen xol, ngir jëfe liy

* **5.31** Seetal ci *Njàlbéen ga* 2.24. * **6.2** Seetal ci *Mucc ga* 20.12. † **6.3** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 5.16.

coobarey Yàlla, ni mu ware ay jaami
Almasi bi.
7 Liggéeyalleen leen ci xol bu tàlli, ba mu
mel ni Boroom bi ngeen ko defal, waaye
du nit doŋŋ,
8 te ngeen xam ne nit ki, mu dis gor
mbaa ab jaam, mboolem lu mu def ci lu
baax, loola la ko Boroom biy delloo.
9 Yeen it sang yi, jëfeleen noonu seen
diggante ak seeni jaam, bàyyileen di tëkkoo,
te ngeen xam ne yeen ak ñoom a bokk
benn Boroom fa asamaan, te xejj ak seen
amul fa moom.

*Xare bi nook Seytaane la*

10 Li ci des nag moo di ngeen
manoorewoo Boroom bi, te ngeen sàkkoo
ndimbal ci dooleem ak kàttanam gi amul
kem.
11 Ràngooleen mboolem gànnaayi Yàlla,
ngir ngeen mana jànkoonte ak pexey
Seytaane.
12 Ndax kat sunub xare du nook
boroomi deret ak suux, waaye ñi ñu ko
séqal ay boroom nguur lañu, ak ay boroom
sañ-sañ, ak ay boroom doole yu nekk ci
àddina ju lëndëm jii, di ay dagi Seytaane yu
fare déndi asamaan.
13 Kon nag jëlleen gànnaayi Yàlla yépp, ba
bu bésub safaan taxawee, ngeen mana
jëflante, ba sottal, tey wéye taxaw temm.
14 Taxawleen kon temm. Defleen dëgg di
ngañaay li ci seen ndigg, njub di seen
kiiraayal dënn.
15 Xibaaru jàmm bi indi jàmm nag,
defleen ko muy dàll yu dëgëral seen
taxawaay.
16 Te fu ngeen tollu ŋàbbleen pakk biy
seen ngëm, ci ngeen mana fanqe mboolem
jumi sawaray ku bon ki.
17 Mbaxanam xare miy seen kaaraange,
jëlleen ko, sol; jëlleen itam saamar bi Noo
gu Sell giy joxe, te muy kàddug Yàlla.
18 Deeleen ñaan fu ngeen tollu, gépp
xeetu ñaan aki dagaan ci ndimbalal Noo
gi, ànd ci ak teewlu fu ngeen tollu, ak gépp
parlu, te ngeen di ñaanal mboolem gëmkat
ñu sell ñi.
19 Man itam, booleleen ma ci, ngir saa
yu ma ubbee sama gémmiñ, mana xéewloo
ndéey lu ma xamlee fit wu dëgër mbóoti
xibaaru jàmm bi,
20 xibaar bi ma di ndawam lu ñu tënke
ay jéng. Waaye ñaanalleen ma, ma di ko
waxee fit, ni mu ma ware.

*Póol tàggu na waa Efes*

21 Dingeen mana xam nag lu jëm ci man
ak li may def, ndax Tisig, mbokk la, soppe
la, jawriñ ju wóor la ci liggéeyu Boroom bi,
moo leen di xamal lépp.
22 Lii sax moo tax ma yónni ko ci yeen:
xamal leen lu jëm ci nun, ak itam,
teewaayam bu dëfal seen xol.
23 Yal na jàmm ñeel bokki gëmkat ñi ak
cofeel gu ànd ak ngëm bawoo fa Yàlla Baay
bi ak Sang Yeesu Almasi bi.
24 Na aw yiw ñeel mboolem ñi sopp sunu
Sàng Yeesu Almasi bi, cofeel gu dul fey.

# Bataaxal bi Póol bind waa Filib

Filib dëkk la woon ci diiwaanu Maseduwan ci réewum Geres. Foofa la Póol samp benn jataayu mbooloom ñi gëm (*Jëf ya* 16.11-40; 20.1-6). Bi mu nekkee ci kaso ndax ngëmam ci Almasi bi, la ko mbooloo mi yónnee ay ndimbal, ba tax mu bind leen bataaxal bii, ngir sant leen. Doonte Póol mi ngi ci kaso, am na mbégte ndax li kàddug Yàlla di law. Póol xam na ne gëmkat yi ci dëkku Filib ñoo ngi sonn ñoom itam ndax seen ngëm ci Almasi bi. Mu ne leen ñu baña ragal, waaye ñu bég ci Boroom bi. Mu ñaax leen ñu baña yég seen bopp, waaye ñu juboo ci genn cofeel, te roy woyofu Almasi bi.

Ci tënk:

1.1-30 Póol am na mbégte doonte am na coono ndax ngëmam ci Almasi bi.
2.1-30 Ni Almasi bi woyofe mooy royukaay.
3.1-11 Bunu yaakaar sunu njubteg bopp waaye njubte gi Yàlla maye.
3.12-21 Nanu jëm kanam ngir jot ca yool ba.
4.1-9 Yàlla boroom jàmm la.
4.10-23 Póol gërëm na waa Filib ndax seen ndimbal.

*Ubbite gi*

1 Man la Póol, Timote miy jaamub
Almasi Yeesu ni man ànd ak man ci lii, ñeel
mboolem ñu sell ñi gëm Almasi Yeesu, te
dëkke Filib, yeen ak seeni njiit ak
jàppalekati mbooloo mi.
2 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, bawoo fa
sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.

*Póol ñaanal na waa Filib*

3 Damay sant Yàlla sama Boroom saa yu
ma leen fàttalikoo,
4 te saa su ma leen di ñaanal, mbég laa
leen di ñaanale yeen ñépp,
5 ndax seen loxo bi ngeen jo ci xamle
xibaaru jàmm bi, te dale ko ca bés bu njëkk
ba, ba tey.
6 Te lii kat, bir na ma: ki tàmbali jii jëf ju
baax ci yeen, dina ko àggale ba keroog
bésub Almasi Yeesu.
7 Maa yey nag njortal leen loolu yeen
ñépp, ndax ci sama xol laa leen def, te it
muy ci wàllu jéng yi ñu ma jénge, di ci wàllu
kàddu guy waxal xibaaru jàmm bi ak di ko
feddali, yeen ñépp am ngeen wàll ci sama
añub yiw.
8 Yàlla seede na ne sopp naa leen yeen
ñépp, cofeel gu Almasi Yeesu ci boppam
àttana tibbe ci biir xolam.
9 Li may ñaan nag moo di seen cofeel
yokku tey gën di yokku, te ngeen ànd ceek
xam-xam bu matale ak gépp ràññee,
10 ba mana xàmmee li gën. Su ko defee
ngeen set wecc te mucc sikk, ngir keroog
bés bi Almasi bi di délsi.
11 Su boobaa ngeen meññal ba woomle
ci njub gi Yeesu Almasi bi di maye, ngir
fésal màggug Yàlla, jollil ag cantam.

*Jéngi Póol jéngul kàddug Yàlla*

12 Damaa bëgg, bokk yi, ngeen xam ne lii
ma dal, xibaaru jàmm bi la far jëmale
kanam.
13 Ndax kat, bir na mboolem dagi
boroom dëkk bi te bir na ñeneen ñépp ne
Almasi bee tax ñu jéng ma.
14 Te it li gëna bare ci bokki gëmkat ñi,
sama jéng yi ma nekke nii moo leen yokk
aw fit, ba tax ñu gëna ñemee waxe kàddu gi
te ragaluñu ci dara.
15 Dëgg la am na ñuy waare ci turu
Almasi bi ci kaw kiñaan ak diiroo mbagg,
waaye am na itam ñu koy defe yéene ju
rafet.
16 Ñooñu cofeel a leen tax di waare,
ndax xam nañu ne waxal xibaaru jàmm bi
laa sasoo.
17 Waaye ñale, xelum wujje lañuy
siiwtaanee Almasi bi, du yéene ju rafet ju
ñu ci am, xanaa defe ne seeni pexe man
na maa yokk coono ci diggante bii ñu ma
jénge.
18 Ana lu ci topp nag? Ba tey rekk, ak nu
mu mana deme, muy waareb jinigal,
mbaa waare bu dëggu, turu Almasi bi moo
ci jollee, muy sama mbégtem tey, dellu di
sama mbégtem ëllëg,
19 ndax xam naa ne loolu lépp ay
walbatiku di samag mucc, ndax seeni ñaan
ak ndimbalal Noo gu Sell gu Yeesu Almasi
bi.

[20] Loolu laa ne siiw, yaakaar ko, te
duma rus mukk, xanaa di saxoo aw fit,
démb niki tey, ngir ma mana fésale sama
jëmm jépp màggaayu Almasi bi, su may
dund ak su may dee.
[21] Ndax samag dund, Almasi bi la ñeel,
samag dee dàqati.
[22] Su dee nag damaa wara wéye sama
bakkan bii, ngir mana sottal ab liggéey bu
am njariñ, ana lu ma gënal ci diggante
dund ak dee? Xawma ko.
[23] Ci diggante ñaar yooyii laa tance:
yàkkamti namaa yiwiku ba fekki Almasi bi,
te loolu moo dàqati fuuf.
[24] Waaye ma deseegum bakkan moo
gëna jamp ci yeen.
[25] Gannaaw loolu bir na ma nag, xam
naa ne dinaa desagum, desandoo fi ak
yeen ñépp, ngir ngeen jëm kanam, tey bége
seen ngëm,
[26] ba bu ma délsee fi yeen, ngeen gëna
mana puukarewoo Almasi Yeesu ndax
man.
[27] Fexeleen rekk ba di jëfe ni mu yelloo
ak xibaaru jàmm bu Almasi bi, ngir bu ma
leen seetsee, mana seede, mbaa su ma
wuutee it, di dégg ni ngeen saxoo di
mànkoo, bokk jenn yéene, di bokk xeex,
ngir saxal ngëm gi sukkandikoo ci xibaaru
jàmm bi.
[28] Buleen ragal seeni noon ci lenn. Seen
fit mooy màndargaal sànkutey noon yi, te
yeen it, mooy màndargaal seenug mucc gu
bawoo fa Yàlla.
[29] Ndax kat yeen la may ci jëmmu Almasi
bi, yiwu gëm ko, rax ci dolli ngeen sonn
ndax moom.
[30] Bokk ngeen coonoy benn xare bi ak
man, xare bi ngeen gisoon ma xare ko
démb, moom ngeen dégg ba tey, ma di ko
xare.

# 2

## *Ni Almasi bi woyofe mooy royukaay*

[1] Ndegam amees na lenn lu yokk aw fit
ci Almasi bi nu gëm, ndegam lenni
cofeelam lu mana dëfal am na, ndegam
amees na benn cér ci Noo gu Sell gi,
ndegam it amees na lenn lu bawoo fi
moom, ci wàllu xol bu rafet ak yërmande,
[2] kon dëgg waay, mottalileen sama
mbég, ba mànkoo, te ngeen soppantee
genn cofeel, jubale seeni xol, te bokk benn
jëmu.
[3] Buleen def dara ci kaw wujje, mbaa
réy-réylu, waaye woyofluleen, ba jàpp ne
seeni moroom a leen gën.
[4] Bu kenn ci yeen xintewoo njariñal
boppam, waaye na ku nekk bàyyi xel
moroomam.
[5] Noonu Almasi Yeesu doon doxale,
deeleen ko doxale ci seen biir:
[6] Moom mi nekke nekkinu Yàlla
te ŋoyaaloowul ci dayob boppam bi ko def
nawleb Yàlla.
[7] Xanaa mu ŋacc boppam,
nangoo jagoo nekkinu surga.
Mu mujj mel ni nit doŋŋ,
di ku ñu xàmmee jëmmu nitam.
[8] Moo toroxlu,
moo nangu, ba dee fekk ko ci,
ak mbugalu bant ba ñu ko daaj.
[9] Moo tax Yàlla kaweel koo kaweel,
baaxe ko tur wi tiim wépp tur,
[10] ba turu Yeesu tax ñépp sukk seen bëti
óom,
muy ci kaw asamaan, di ci kaw suuf, di
biir suuf,
[11] làmmiñu ñépp it biral ne Yeesu Almasi bi
mooy Sang bi,
te muy màggaayu Yàlla Baay bi.

## *Doonleen ay leer ci àddina*

[12] Kon nag soppe yi, noonu ngeen masa
dégge ndigal, démb ba may teew, rawatina
tey bi ma wuutee, nangeen ko wéye, di jëfe
seenug mucc, te ànd ceek ragal Yàlla bay
lox,
[13] ndax Yàlla mooy liggéey ci yeen lu tax
ngeen mana namma jëfe coobareem, ba
man koo jëfe.
[14] Mboolem lu ngeen di def nag, buleen
ci boole xultu mbaa xuloo,
[15] ngir seen der set wecc, te kon
deesuleen mana gàkkal ci lenn. Ay goney
Yàlla yu amul sikk ngeen di doon, ci biir
maas gu dëng te yàqu, ngeen di lerxat ci
seen biir, ni ay leer ci àddina si,
[16] ànd ak kàddug dund gi ngeen di xamle.
Su ko defee keroog bés bi Almasi bi di
délsi, ma mana damoo ne dawuma cig
neen, te sonnuma cig neen.

17 Su ma ci deewee sax, ba sama dund
mel ni sarax su ñu tuur, tofal ko ci sarax bi
seen ngëm taxawe, su boobaa it maa ciy
bég, te di leen woo, ngir bokk ak yeen ñépp
bànneexu.
18 Yeen itam nangeen ci bég te bokk ak
man bànneexu.

### *Póol gërëm na Timote ak Epafrodit*

19 Yaakaar naa nag, ne bu soobee Sang
Yeesu, dinaa leen yónnee Timote balaa
yàgg, ngir xam nu ngeen def, ba man ci
sama bopp, sama xel dal.
20 Ndaxte awma fi kenn ku ko moy, ku
bokk ak man xinte, ba seeni mbir yitteel
ko dëgg.
21 Ñi ci des ñépp, seen njariñal bopp
lañuy sàkku, waaye du li soxal Yeesu
Almasi bi.
22 Timote nag xam ngeen ne ku rafet ab
jëw la. Ni doom di taxawoo baayam, ni la
bokke ak man liggéey bi ci xamle xibaaru
jàmm bi.
23 Sama yaakaar nag moo di, bu may am
lu leer ci sama mbir rekk, moom laay
daldi yebal ci yeen.
24 Teewul mu bir ma ne, bu soobee
Boroom bi, man ci sama bopp, balaa yàgg,
dinaa leen seetsi.
25 Lu jëm ci Epafrodit, sama mbokkum
gëmkat la, sama naataango la, sama
mbokkum xarekat la, te di seen ndaw li
ngeen ma yóbbante ndimbal lu faj samay
soxla. Waaye jàpp naa ne fàww ma delloo
leen ko,
26 ndax namm na leen lool, boole ci am
njàqare ndax li ngeen dégg ag jagadeem.
27 Woppoon na it ba xawa dee, waaye
Yàllaa ko yërëm, te du moom rekk la yërëm,
waaye man itam, ngir ma baña am tiis ci
kaw tiis.
28 Moo tax ma yàkkamti leen koo delloo,
ngir bu dikkee, ngeen man koo bégewaat,
te man itam, samaw tiis wàññiku.
29 Teertooleen ko mbégte mu mat sëkk
ngir Sang bi, te it nawleen ñu mel ni
moom,
30 ndax liggéeyal Almasi bi tax na koo
riisu dee; ba ngeen amee ngànt lu leen
teree mottalil seen bopp seen yéene, moo
jaay bakkanam ngir wuutu leen, ba yótsi
ma seen ndimbal.

## 3

### *Gii njub a wóor*

1 Li ci des bokk yi, ma waxati, bégleen ci
Boroom bi. Di leen bind genn kàddu googu
rekk, diisu ma, te di leen ko baamtu moo
gëna wóor ci yeen.
2 Moytuleen xaj yi, defkati mbon yooyu
laa ne, moytuleen leen, moytuleen
njoofkat yooyu jiital aaday xaraf.
3 Ndaxte nun noo xaraf tigi, nun ñiy
jaamoo Yàlla Noowam gu Sell, di damoo
Almasi Yeesu, te yaakaarunu aaday nitu
suuxu neen.
4 Moona man de, waroon naa mana
yaakaar aaday suuxu neen. Ak keneen ku
mana xalaat ne sañ naa yaakaar aaday
nitu suuxu neen, maa ci raw.
5 Man mi xaraf ba ma amee juróom ñetti
fan, askanoo ci bànni Israayil, giiroo ci
Beñamin, di ab Ebrë bu ñaari Ebrë jur, te
bokk ci ngérum Farisen ci wàllu yoonu
Musaa.
6 Su dee ci mbirum xéraangey diine, maa
daan bunduxataal mbooloom gëmkati
Almasi bi, te su dee ci wàllu njubtey sàmm
yoon wi, maa mucc sikk.
7 Waaye la ma jàppe woon ag ndollent,
moom laa def tey ag wàññeent ndax
Almasi bi.
8 Rax ci dolli, lépp sax laa far jàppe ag
wàññeent, ndax ngëneel li sut lépp, te mooy
xam kuy sama Sang Almasi Yeesu. Moom
moo ma taxa nangoo ñàkk lépp, def lépp ni
mbuubit, ngir tonoo Almasi bi,
9 ngir ma mana feeñe ci biir Almasi bi,
fu ma yaakaarul sama njubteg bopp gu
ma feyoo sàmm yoonu Musaa, xanaa di
yaakaar njubte gu laloo ngëm gi ma gëm
Almasi bi. Njubte googu fa Yàlla la bawoo
te gëm Almasi bi moo koy maye.
10 Sàkkuwuma lu moy xam ko, xam
manoore ji ko dekkal, ak itam séddu ci ay
coonoom, ba bokk ak moom deewam,
11 tey yaakaara dekki, ak nu mu mana
deme.

### *Nanu jëm kanam ngir jot ca yool ba*

12 Du caageenu damaa àgg ci loolu lépp
ba noppi, mbaa damaa mat sëkk xaat,
waaye maa ngi wéye samaw xél, di jéema
jot ci neexalu rawante bi, gannaaw ba ma
Almasi Yeesu jotee ci man itam.

13 Bokk yi, fooguma ne jot naa ci, xanaa
kay lenn: damay fàtte li ci gannaaw, te def
lu ma man, ngir fexee yóotuji li ci kanam,
14 daldi xélu dëgmal naanukaay ba, ngir
jot ca neexal ba nu Yàlla di woowe fa kaw,
ci Almasi Yeesu.
15 Kon nag, nun ñi jota màgg ba di magi
jëmm ci wàllu ngëm, nanu ko bokk gise
noonu. Su ci amee lenn lu ngeen gise
neneen nag, loola, Yàlla moo leen koy
leeralal.
16 Ak lu ci mana am, yoon wii nu doxe
ba fii nu tollu, nanu ko bokk topp.
17 Bokk yi, royleen ma; jox nanu leen ab
royukaay, xoolleen ci ñi koy jëfe, te ngeen
topp ci seeni tànk.
18 Ndaxte ñu baree ngii ñu seeni jëf tax
ñu di nooni bantub Almasi bi. Loolu wax
naa leen ko ay yoon, ma waxati leen ko
tey aki jooy.
19 Ñooñu sànkute lañuy mujje; seen koll
lañu def seen yàlla, seen gàcce lañuy
damoo, te yëfi àddina doŋŋ a leen soxal.
20 Nun nag sunum réew a nga fa
asamaan, fa nuy séentoo sunu Musalkat,
Sang Yeesu Almasi bi.
21 Mooy kiy liggéeye manooreem ji mu
tënke lépp cig curgaam, ba sopparñi sunu
yaram wu doyadi wii, niroole kook
yaramam wi ànd ak màggaay.

# 4

1 Kon nag yeen samay bokk, soppe yi ma
namm, di leen bége, te ngeen di sama
kaalag ndam gi ma yooloo ci sama liggéey,
ngalla soppe yi, nangeen saxe noonu ci
Boroom bi!

### *Póol dénkaane na*

2 Bu loolu weesoo, Ewodi laay tinu, di
tinu Santis, ñaari jigéen ñooñu, ngir ñu fexe
ba juboo, ngir Boroom bi ñu bokk.
3 Yaw itam sama mbokkum surga bu
dëggu bi, dama lay ñaan nga jàppale leen ci,
ñoom ñaar ñooñoo bokkoon ak man coonob
xamle xibaaru jàmm bi, ñoom ak ñoom
Kelemaŋ, mboolem sama bokki liggéeykat
yi seeni tur binde ca téereb dund ba.
4 Bégleen ci Boroom bi fu ngeen tollu, ma
waxati ko, bégleen!
5 Na seen lewetaay wóor ñépp, Sang bi
jegesi na.
6 Buleen jaaxle ci dara, waaye ci mbir
mu mu mana doon, deeleen dikke Yàlla
seeni soxla, di ko ñaan aka dagaan te boole
ci di ko sant.
7 Su boobaa jàmmu Yàlla ji wees ab takk,
mooy sàmm seen xol ak seenum xel ndax
Almasi Yeesu.
8 Li ci des nag bokk yi, moo di lii:
mboolem lu dëggu, ak mboolem lu tedd,
ak mboolem luy njub, ak mboolem lu set,
ak mboolem lu jekk, ak mboolem lees di
rafetlu, ndegam lu nawlu la te yelloo
ngërëm, na leen loola soxal.
9 Li ngeen jànge ci man te jële ko ci man,
ak li ngeen dégge ci man, gise ko ci man,
jëfeleen ko. Su boobaa Yàlla miy boroom
jàmm mooy ànd ak yeen.

### *Póol gërëm na waa Filib*

10 Maa ngi bége Boroom bi lool ci nii
ngeen mujj yeesale tey, seen yitte ci man,
yitte ju ngeen amoon moos naka jekk,
xanaa dangeena ñàkkoona jekku seen
ndimbal.
11 Ag ñàkk nag taxul may waxe nii, nde
tàmm naa di doylu ci diggante bu ma
mana tollu.
12 Miin naa néewle, man naa naataange.
Fépp fu ma tollu ak ci lépp, làqoo naa pexe
mu ma manee jant yu ma regge ak yu ma
xiife, ci biir naataange akug ñàkk.
13 Lépp laa mane ci ndimbalal ki may
manal.
14 Teewul seen ndimbal lii di jëf ju rafet
ju ngeen bokke ak man sama njàqare.
15 Yeen waa Filib, xam ngeen xéll ne ba
waareb xibaaru jàmm bay door, te ma
bàyyikoo diiwaanu Maseduwan, amul
woon menn mbooloom gëmkat mu ma
séqaloon ab joqalanteb ndimbal, xanaa
seen mennum mbooloo.
16 Ba ma nekkee Tesalonig sax, yónnee
ngeen ma ay yoon, lu ma faje samay soxla.
17 Du caageenu ndimbal lu ma sàkku ci
yeen, li may sàkku kay moo di yokkuteb
yool bu leen ñeel.
18 Fii ma tollu jot naa li ma aajowoo
lépp, maa ngi ci naataange; doyle naa sëkk,
gannaaw ba ma nangoo ci loxol Epafrodit
seenub yóbbante, te sarax su ñu nangu la,
di xeeñ xetug jàmm, te neex Yàlla mi mu
ñeel.

19 Te sama Yàlla itam mooy sàkke ci
koomam gu yéeme gi ci Almasi Yeesu, ba
fajal leen seen soxla yépp.
20 Daraja ñeel na Yàlla sunu Baay, tey ak
ëllëg ba fàww. Amiin.

### *Tàggatoo jib na*

21 Nuyulleen ma mboolem ñu sell ñi gëm
Almasi Yeesu. Bokki gëmkat ñi ànd ak man,
ñu ngi leen di nuyu.
22 Te it gëmkat ñu sell ñépp a ngi leen di
nuyu, rawatina waa kër Buur Sesaar.
23 Yal na yiwu Sang Yeesu Almasi bi ànd
ak seenum xel.

# Bataaxal bi Póol bind waa Kolos

Kolos ak Efes, diggante ñaari dëkk yooyu tollu na ci 160 kilomet, ci penku bi. Póol masula dem Kolos. Epafras moo fa yégle xibaaru jàmm bi, ba mbooloom ñi gëm sampu. Bi leen Póol bindee bataaxal bii, fekk na ñu tëj ko kaso, moom ak Epafras (*Filemon* 23).

Póol mu ngi ñaanal gëmkat yi, ñu feddaliku ci wàllu ngëm. Fekk booba ay jàngalekati caaxaan dugg ci jataayu gëmkat yi. Ñu ngi jaamu ay malaaka, di réy-réylu ci seeni peeñu, te seen àlluwa di njàngalem nit kese. Ci noonu lañu joxee ndigal yu jëm ci xaraf ak ci ñam ak ci toroxlu.

Póol artu na gëmkat yi ngir kenn bañ leena naxe ay kàddu yu leen di réeral. Jàngal na leen kan mooy Almasi bi, ak ni ñu wara dunde ndax ni ñu bokke ci moom. Ci tënk:

1.9—2.23 Kan mooy Almasi bi?

3.1—4.6 Dundin wu wees, dundin wu yees.

4.7-18 Póol mu ngi leen di tàggu.

### *Ubbite gi*

1 Man Póol ndawal Almasi Yeesu ci
coobarey Yàlla, maa bind lii, ànd ceek
mbokk mi Timote,
2 ñeel waa Kolos ñu sell te wóor te di
bokki gëmkati Almasi bi. Aw yiw ak jàmm
ñeel na leen, bawoo fa Yàlla sunu Baay.

### *Póol ñaanal na waa Kolos*

3 Sant Yàlla sunu Baayu Sang Yeesu
Almasi bi lanu saxoo, saa su nu leen di
ñaanal;
4 dégg nanu ngëm gi ngeen gëm Almasi
Yeesu ak cofeel gi ngeen sopp gëmkat ñu
sell ñépp,
5 te li waral ngëm googu ak cofeel googu,
di seen yaakaara jot ca cér ba ñu leen
dencal fa asamaan. Mooy yaakaar ja
ngeen jota am, ba ngeen njëkkee dégg
kàddug dëgg gu xibaaru jàmm bi.
6 Ni leen xibaaru jàmm bi dikkale nag, ni
la dikkale àddina sépp, te mu ngi meññ, di
law, na mu ko dale defe fi seen biir, ca bés
ba ngeen déggee lu jëm ci yiwu Yàlla, ba
ràññee ko dëgg.
7 Noonu ngeen ko jànge ci Epafras, sunu
mbokkum surga biy sunu soppe, te di
jawriñu Almasi bu wóor bi nu jàppale*,
8 te moo nu xamal itam cofeel gi leen
Noo gu Sell gi may.
9 Moo tax nun itam, ba nu déggee seen
mbir ba tey, noppiwunu leena ñaanal, di
sàkku ngeen fees ak xam-xam ci lépp luy
coobarey Yàlla, te ngeen ànd ceek lu mat
sëkk ci wàllu xel ak gis-gis bu Noo gi maye.
10 Su ko defee ngeen di dunde dundin
wu yellook Boroom bi, ngir bànneexal ko ci
wet gu nekk, seen meññeef it di jépp jëf ju
baax, te ngeen gën di xam Yàlla.
11 Ngir itam ngeen manoorewoo jépp
manoore, na leen ko Yàlla manloo ci
kàttanam gu màgg, ba ngeen mana dékku
lépp ci xolu muñ,
12 te ngeen di sante Baay bi mbég, moom
mi leen yellale ab cér ca muuru ñu sell ña,
ca réewum leer ga.

### *Almasi bi jubale na nit ak Yàlla*

13 Yàlla kat moo nu wallu ba génne nu ca
kilifteefu réewum lëndëm ga, toxal nu ci
biir nguurug Doomam ji mu sopp.
14 Ci moom lanu ame ag njot, te moo nu
jéggal sunuy bàkkaar.
15 Doom jooju moo di niruwaale Yàlla,
mi kenn manula gis, mooy taaw bi, ki jiitu
mépp mbindeef.
16 Ndax moo di ki Yàlla sàkke lépp lu
nekk asamaan ak lu nekk ci suuf, lu gisu
ak lu gisuwul, muy boroom gàngune yeek
boroom ndomboy tànk yeek boroom
nguur yeek boroom sañ-sañ yi. Lépp ci
moom lees ko sàkke, te mooy ki tax ñu sàkk
lépp.
17 Mooy ki nekkoon naka jekk balaa
daraa nekk, te lépp ci moom la sottee ba
temboo.
18 Mooy boppu yaram, wiy mbooloom
gëmkat ñi, mooy njàlbéen, mooy taaw bi
njëkka dekki, ndekkite lu dee toppul, ba
tax muy ki jiitu ci lépp,
19 ndax Yàlla la soob mu dëël gépp
matam ci moom.

* **1.7** Mbaa: *jawriñu Almasi bu wóor ngir yeen,*

20 Deretam ja tuuru ca bant ba, ca la
Yàlla defe jàmm, ba sottale ci moom, pexe
mi mu jubalee boppam ak lépp, muy lu
nekk ci kaw suuf ak la fa asamaan.
21 Te yeen ñi masoona sore lool Yàlla,
doonoon ay noonam ci wàllu xalaat ak jëf
ju bon,
22 tey, deewug yaram, deewug suux gi
Almasi bi dee, moom la leen Yàlla jubalee
ak boppam, ba teewal leen fi kanamam,
ngeen di ñu sell, mucc sikk, seen der set
wecc.
23 Noonu la deme, ndegam kay fekk na
leen sësoo ngëm gu ngeen dëjoo ba dëgër, te
baña nangu lenn di leen sorele ak yaakaar
ji ci xibaaru jàmm bi ngeen dégg, te ñu
biral ko, ñeel mépp mbindeef. Man Póol
nag, ci yégle xibaaru jàmm boobu laa di ab
jawriñ.

### *Póol tiisoo na waa Kolos*

24 Léegi nag maa ngi bége coono yi ma
jànkoonteel ngir seen njariñ; li des ci tiisi
Almasi bi, moom laay mottalee coono
yooyu ma daj ci sama yaramu suux wii,
ngir njariñal mbooloom gëmkat miy
yaramu Almasi bi.
25 Ci moomu mbooloo laa dib jawriñ, te
Yàllaa ma sase noonu, ñeel leen, ngir ma
xamle kàddug Yàlla ba mu mat sëkk.
26 Kàddu googu moo di mbóot mi
masoona làqu maasoo maas, waaye tey
Yàllaa ko xamal ay nitam ñu sell.
27 Ñoom la Yàlla nammoona xamal ni
mbóot mi yaatoo te yéeme, ñeel jàmbur ñi
dul Yawut: mbóot mi moo di Almasi baa
ngi ci yeen ñi dul Yawut itam, loolu di seen
yaakaar ci ndam lu leen ñeel.
28 Almasi boobu nag lanuy xamle; na
mu gëna xeloo lanuy artoo nit ku nekk, te
ni lanuy jàngale nit ku nekk, ngir àgge nit
ku nekk ba fa kanam Almasi bi, fekk ko
mat sëkk, na mu ware ku ànd ak Almasi bi.
29 Loolu moo ma tax di góor-góorlu ci
xare bii may xare ci dooleem ak
manoorey jëfam jiy liggéey ci sama jëmm
jii.

## 2

1 Bëgg naa nag, ngeen xam xare bu metti
bi ma leen di xareel, yeen ak waa Lawdise
ak mboolem gëmkat ñi ma masula teg bët,
2 ngir ngeen gëna am fit, mànkoo ci biir
cofeel, te géeju ci gis-gisu xol bu leer nàññ
te wóor, ba mana daj dëgg mbóotum Yàlla
miy Almasi bi ci boppam.
3 Ci moom la mboolem alal ji ci xel ak
xam-xam dëxëñe.
4 Loolu laa leen di wax, ngir kenn bañ
leena réeral ci ay kàdduy naxe yu mbubboo
ag dëgg.
5 Ndax jëmm ji kat teewul, waaye xol baa
ngeek yeen, di bégee gis seen doxalin wu
jekk ak seen ngëm gu wér gu ngeen gëm
Almasi bi.

### *Jëfeleen ni ñu bokk ak Almasi bi*

6 Kon nag, ni ngeen nangoo Almasi
Yeesu di Sang bi, àndleen ak moom, jëfe
noonu.
7 Sampleen seeni reen ci moom,
tabaxleen seen bopp ci moom,
feddalikuleen ci wàllu ngëm, ni ñu leen ko
jàngale, ba seenub xol baawaan ak kàdduy
cant.
8 Moytuleen ba kenn bañ leena këfe
kàdduy naxi neen yu ñu jàppe xam-xam bu
xelu, kàddu yu sukkandikoowul ci Almasi
bi, xanaa aaday nit ak mbiri àddina.
9 Ndax kat ci Almasi bi, ci yaramu nitam
la léppi Yàlla dëkke, ba mat sëkk ci moom,
10 ci moom ngeen mate it, te mooy
kilifay mboolem boroom nguur yi ak
mboolem boroom sañ-sañ yi.
11 Ci moom ngeen xarafe xaraf gu loxol
nit deful, ndax noonu kuy xarafal nit ki di
dog as lëf ci yaramam, ni la Almasi bi di
doge ba mu set buumu njaam gi leen
dooley bàkkaar tënke woon. Noonu la
Almasi bi di xarafalee.
12 Ni ñu leen booleek moom suul, keroog
ba ñu leen sóobee cim ndox, noonu ngeen
dekkeendoo ak moom, ndax yeena wóolu
dooley Yàlla mi ko dekkal.
13 Yeen ñi doonoon ñu dee fa kanam
Yàlla ndax seeni moy ak seen ñàkka xaraf,
ndax li ngeen dul Yawut, Yàllaa leen
booleek Almasi bi, dundalaat leen. Moo
nu baal sunu moy yépp.
14 Kayitu bor bi nu tiiñaloon, te dogali
yoon toppe nu ko, moom moo far mbind
ma, yóbbu kayit ga, daajaale ko ak Almasi
bi ca bant ba.

15 Moo dog sidditi boroom nguur yeek
boroom sañ-sañ yi ci jaww ji, ñu doon ay
jaam yu mu jàppe xare. Moo leen weer it
ci kanam ñépp, diriwaale leen ca biir
njaab ma topp ca ndam la Almasi bi ame
ca bant ba.
16 Kon nag bu leen kenn sikkal ci ñam
wu ngeen lekk, mbaa lu ngeen naan,
mbaa màggal bés bu rafet, mbaa Terutel
weer ak bésub Noflaay.
17 Loolu lépp takkndeeru yaram wuy
jëmmal lu dikkagul rekk la woon. Waaye
yaram wi dëgg moo di Almasi bi.
18 Buleen nangu kenn ku leen sikkal, te
di kuy teg boppam jëfi toroxlu, di jaamu
ay malaaka, topp seen gis-gisi peeñuy
bopp. Ñu ni mel ñooy réy-réyloo xalaati
neen yu ñu fente seen yég-yégi bakkan.
19 Ñooñu jokkuwuñu ci Almasi biy bopp
bi, te ci bopp bi la yaram wi wépp di
jëfandikoo siddit yeek tenqo yi, ba suuxatu,
ngir lépp mànkoo ba mana màgg, ni ko
Yàlla di màggale.
20 Ndegam nag yeena bokk ak Almasi bi
dee, ba teqalikoo ak mbiri àddina, ana lu
tax ngeen mel ni ñu bokk ci àddina ba tey,
di tegoo ay dogali yoon yu mel nii:
21 «Bul jël lii, bul ñam lee, bul laal la ca
des.»
22 Te mboolem yëf yooyu dogali yoon yi
jëm day jeex doŋŋ bu ñu leen jëfandikoo.
Loolu ay santaane aki njàngalem nit doŋŋ
la.
23 Dëgg la, xel man naa nangu dogali
yoon yu ni mel, ndax laaj na nit ki pastéefu
ci diine ju mu tegool boppam, laaj na it
toroxlu ak coonoy yaram yu tukkee ci yar
bu metti bu nit kiy tegoo, waaye jariñul
dara ku bëgga noot bakkanam.

# 3

### *Gëmkatub Almasi bi, dundin wu yees*

1 Gannaaw nag yeena dekkeendoo ak
Almasi bi, sàkkuleen la fa kaw, fa Almasi bi
tooge ca ndijooru Yàlla.
2 La fa kaw, xintewooleen ko, te ngeen
ba li fi suuf,
3 ndaxte dee ngeen, ba seenug dund ànd
ak Almasi bi, làqe fa Yàlla.
4 Seenug dund dëgg Almasi bi la, te
keroog bu Almasi bi feeñee, yeen itam
dingeen ànd ak moom feeñ, ba séddu ci
ndamam.
5 Kon nag reyleen seen cér yi bokk fii ci
kaw suuf; lu mel ni séy yi yoon tere ak jëfi
sobe ak ñàkk sago ci lu jekkadi ak
xemmemtéef yu bon ak bëgge, te loolooy
bokkaale ba tey,
6 yooyooy wàcce sànjum Yàlla ci kaw ñi
déggadi.
7 Yeen itam noonu ngeen daan jëfe bu
njëkk, ba seenug dund bokkee fii ci kaw
suuf.
8 Waaye léegi, lii lépp baleen ko:
maanaam tàng xol ak mer mu ëpp ak
coxor ak saaga ak wax ju ñaaw.
9 Buleen di fenante, gannaaw seen jëmm
ja woon démb, boole ngeen kook jëfinam ja
mu àndal, summi,
10 ba sol seen jëmm ju yees jiy gën di
yeeslu, te di gëna niru ki leen ko sàkkal, ba
kera seen xam-xam mat sëkk.
11 Dundin wu yees woowu amul jàmbur
akub Yawut, amul ku xaraf ak ku xaraful,
amul ab doxandéem ak ku xayadi, amul
ab jaam ak as gor, waaye Almasi bi mooy
lépp te moo nekk ci ñépp.
12 Yeenay ñi Yàlla tànn, sellal leen, sopp
leen. Kon nag solleen xolu yërmande akug
mbaax ak woyoflu ak jikko ju lewet ak
xolu muñ.
13 Muñalanteleen te di baalante, su dee
kenn ku am lu mu sikke moroomam. Ni
leen Boroom bi baale, deeleen baalantee
noonu.
14 Ci kaw loolu lépp nag, tegooleen
cofeel, mooy xànc gi leen faste, ba seenug
bennoo mat sëkk.
15 Na jàmmu Almasi bi saytu seen xol. Ci
jooju jàmm lañu leen woo, fekk leen ngeen
di wenn yaram doŋŋ, te it saxooleen cant.
16 Na kàddug Almasi bi dëkk ci yeen, bay
baawaan, ngeen di jariñoo xel mu mat
sëkk mu ngeen di jàngalantee aka artoonte.
Woyeleen xolub cant, ñeel Yàlla, ak ay
taalifi cant ak woyi tagg Yàlla ak woy yu ñu
fente ci Noowug Yàlla gi.
17 Lu ngeen mana def, muy ci wax, di ci
jëf, defleen ko ci turu Sang Yeesu, tey sant
Yàlla Baay bi ci moom.

### *Rafetooleen*

18 Na jabar nangul jëkkëram, noonu mu jekke ci ku bokk ci Boroom bi.

19 Jëkkër nag, na sopp jabaram, te bumu ko soxore.

20 Xale yi, déggalleen seeni waajur ci lépp, ndax loolu mooy li Boroom bi rafetlu.

21 Yeen ñiy baay, buleen yékkati seen xolu doom, ngir baña jeexal seen xol.

22 Jaam yi, nangulleen ci lépp seen sang yi ci àddina. Buleen ko defe ngistal, mbaa ngeen di ko sàkkoo lu leen neex, waaye defeleen ko yéeney xol bu dëggu, ndax ragal Boroom bi.

23 Lu ngeen mana def, liggéeyeleen ko xol bu tàlli, ni bu ñeelul woon nit doŋŋ, xanaa Boroom bi.

24 Te ngeen xam ne ci loxol Boroom bi ngeen di nangoo yool bi ngeen muurloo. Sang bi, Almasi bi mooy ki ngeen di jaamu.

25 Waaye ku def njubadi, njubadi ga mu def lañu koy jox ab yool, te xejj ak seen du ci am.

## 4

1 Yeen ñiy sang yi, yorleen seeni jaam, yorin wu jub te aw yoon, te ngeen xam ne yeen itam am ngeen ab Sang fa asamaan.

### *Yeneen warugar a ngii*

2 Ag ñaan nag, saxooleen ko, te ngeen teewlu ci, boole ci ag cant.

3 Te ngeen ñaanaale nu ci itam, ngir Yàlla ubbil nu buntu xamle kàddu gi, ngir siiwal mbóot mi ci Almasi bi, li waral ñu jéng ma.

4 Ñaanleen, ma man koo wax ba mu leer nàññ ni mu ma ware.

5 Jëfeleen xel mu rafet seen diggante ak aji gëmadi ñi ci biti, te jot gi ngeen amagum, fexeleen ba jariñoo ko.

6 Na seen kàddu ànd ak yiw te am solo, te ngeen xam nu ngeen di tontoo ku nekk, tont li war.

### *Póol tàggu na waa Kolos*

7 Mboolem lu jëm ci man nag, Tisig dina leen ko xamal. Mbokk la, soppe la, jawriñ ju wóor la, te it sama mbokkum jaam la, ci liggéeyu Boroom bi.

8 Lii sax moo tax ma yónni ko ci yeen: xamal leen lu jëm ci nun, ak itam, teewaayam bu dëfal seen xol.

9 Onesim lay àndal, sunu mbokk mu wóor, di sunu soppe, te mu bokk ci yeen. Ñoo leen di xamal mboolem lu fi xew.

10 Aristàrk mi ma bokkal kaso bi, mu ngi leen di nuyu, moom ak Màrk rakku Barnabas. Ci mbiru Màrk moomu ngeen jotoon ndigal, ngir bu dikkee, ngeen teral ko.

11 Yeesu mi ñuy wax Yustus itam, mu ngi nuyoo. Li bokk ci askanu Yawut, ñoom rekk ay liggéeyandoo ak man ngir nguurug Yàlla, te ñoo seral sama xol.

12 Ab nuyoo it ñeel na leen, tukkee ci Epafras mi bokk ci yeen, te di jaamub Almasi Yeesu. Muy ku jàmbaare ci saxoo leena ñaanal, ngir seenub taxawaay sotti te mat sëkk ci jëfe mboolem luy coobarey Yàlla.

13 Maa ko seedeel ne coonoy ñaan bu réy la nekke, ngir yeen ak waa Lawdise ak waa Yerapolis.

14 Ab nuyoo it ñeel na leen, tukkee ci sunu soppe Luug, doktoor bi, ak Demas.

15 Nuyulleen nu bokk yi dëkke Lawdise, ak sunub jigéen Nimfa ak mbooloom gëmkat miy daje këram.

16 Gannaaw bu ngeen jàngee-biral bataaxal bii ci seen biir, fexeleen it ba ñu jàng ko biral fa mbooloom gëmkat ma fa Lawdise, te yeen it bataaxal ba ngeen di jote Lawdise, nangeen ko jàng-biral.

17 Waxalleen ma Arsipp ne ko: «Neel jàkk ci liggéey bi nga sasoo ci Boroom bi, ngir nga sottal ko.»

18 Man Póol nag maa leen di bind tàggatoo bii ci sama loxol bopp. Fàttalikuleen ne dañu maa tëj kaso. Yal na aw yiw ànd ak yeen!

# 1.Tesalonig
## muy bataaxal bu njëkk bi Póol bind waa Tesalonig

Tesalonig péeyub diiwaanu Maseduwan la woon ci réewum Geres. Gannaaw bi Póol sampee mbooloom gëmkat ci dëkku Filib, samp na meneen ci Tesalonig (*Jëf ya* 17.1-9).

Gannaaw bi mu jógee Tesalonig, Póol dafa ragal ne ñu ngi jàq ci coono yi ñu daj, ba tax mu yebal Timote, ngir mu natt fu seen ngëm tollu. Bi Timote délsee, indi xibaaru jàmm bi jóge ci ñoom, la leen Póol bind bataaxal bii.

Waaye am na ci gëmkat yi ñenn ñu baña liggéey, di foog ne Almasi bi dina délsi ci lu dul yàgg. Póol wax leen li wara xew bés bu Boroom bi délsee, ak ni ñu wara dunde balaa booba.

Ci tënk:

1.1—3.13 Póol fàttaliku na teewaayam ci ñoom ak ni ñu nangoo njàngaleem.

4.1-12 Póol mu ngi leen di ñaax ñu jëfe sell ak mbëggeel.

4.13—5.11 Póol mu ngi jàngale ci ndekkite li ak délsig Almasi bi.

5.12-28 Póol tàggatoo naak ñoom.

*Ubbite gi*

1 Man la Póol mi ànd ak Silwan* ak
Timote ci kàddu gii ma yékkati, ñeel
mbooloom gëmkati waa Tesalonig ñi bokk
ci Yàlla Baay bi ak Sang Yeesu Almasi bi.
Yiw ak jàmm ñeel na leen.

*Waa Tesalonig am nañu aw yiw*

2 Nu ngi sant Yàlla fu nu tollu ci yeen
ñépp, te noppiwunu leena fàttaliku ci
sunuy ñaan,
3 ak di baamtu fi kanam Yàlla sunu Baay
jëf ji juddoo ci seen ngëm ak liggéey bi
sottee ci seen cofeel ak yaakaar ji ngeen
saxoo di séentu sunu Sang Yeesu Almasi bi.
4 Yeen bokki gëmkat ñi Yàlla sopp, xam
nanu ne moom moo leen tànn,
5 ndax sunu xibaaru jàmm bi nu leen
àgge, dikkewu leen ay wax rekk, waaye
manoore la leen dikkaale ak ndimbalal
Noo gu Sell gi ak kóolute gu mat sëkk gu
ngeen am. Xam ngeen moos na nu nekke
woon ca seen biir, di xintewoo seen
njariñ.
6 Aw ngeen sunuy tànk, aw it ci tànki
Sang bi, ndax yeena jot ci kàddu gi, ci biir
njàqare ju bare, te di ko bége ci ndimbalal
Noo gu Sell gi.
7 Moo leen taxa doon royukaay ci
mboolem gëmkati diiwaani Maseduwan
ak Akayi.
8 Ci seen biir kay la kàddug Boroom bi
jollee, te yemul ci Maseduwan ak Akayi
rekk, waaye seen ngëm Yàlla fépp la siiwe,
ba soxlawunu cee waxati fenn dara.
9 Nit ñi ci seen bopp ñoo nuy waxal fépp
na sunu ngan ak yeen deme ak ni ngeen
walbatikoo ci Yàlla, dëddu tuur yi, bay
jaamu Yàlla ju dëggu jiy dund,
10 tey séentu Doomam Yeesu mi mu
dekkal, mu dikk bàyyikoo asamaan, moom
mi nu jot ci sànj miy dikk.

## 2

*Nganug Póol neenul*

1 Yeen ci seen bopp kay, bokk yi, xam
ngeen ne sunu ngan ak yeen neenul.
2 Xam ngeen na nu njëkkoona sonne ak
na ñu nu toroxale woon ca Filib, dëkk ba,
bala noo dikk fa yeen. Teewul ci sunu
ndimbalal Yàlla nu ñeme leena àgge, ci biir
xeex bu metti sax, xibaaru jàmm bu Yàlla
bi.
3 Ndaxte sunub woote laluwul ci pexem
sànke ak mébét mu setul akug njublaŋ.
4 Xanaa kay noonu nu Yàlla doyloo, ba
dénk nu liggéeyu xibaaru jàmm bi, noonu
lanuy waaree ci li neex Yàlla miy seet ab
xol, te dunu ci wut bànneexu nit ñi.
5 Masunoo jaye, xam ngeen ko, ag bëgge
it masunoo taxa jóg, Yàlla seede na ko;
6 masunoo sàkku ngërëmal nit, du ci
yeen, du ci ñeneen.
7 Manoon nanoo taafantoo li nu diy
ndawi Almasi bi, ba diisal leen, waaye
danoo lewetoon domm ci seen biir, mel ni
jaboot juy toppatoo ay doomam.

* **1.1 *Silwan*** mooy turu waa Room wi Gereg yi naan Silas. Seetal *Jëf ya* 15.22, 40.

8 Noonu lanu nabe woon ci yeen, ba
bëggunu woona yem ci xamal leen doŋŋ
xibaaru jàmm bu Yàlla, waaye danu leena
sopp ba yéene woon leena jox sunu
bakkan sax boole ci, ndax fi ngeen nu
mujj tollu ci sunu xol.
9 Xanaa bokk yi, yeena ngi fàttaliku sunu
doñ-doñ ak sunu coono? Diir ba nu leen di
yégal xibaaru jàmm bu Yàlla bi, guddi ak
bëccëg lañu daan liggéeyaale, ngir baña
diisal kenn ci yeen.
10 Yeena seede, Yàlla itam seede, cellte
ak njub ak mucc sikk ga nu doon jëfe fa
seen biir, yeen ñi gëm.
11 Xam ngeen ne fi baay féete doomam
lanu féete kenn ku nekk ci yeen.
12 Ñaax nanu leen, dëfal leen, dénku leen,
ngir ngeen di jëfe jëfin wu yelloo ak Yàlla
mi leen woo ci nguuram ak teraangaam.
13 Leneen lu nu dul noppee sante Yàlla,
moo di lii: ba ngeen nangoo ci sunu
làmmiñ kàddug Yàlla gi nu leen dégtal, te
melul ni kàddug nit doŋŋ ngeen ko
nangoo, waaye kàddug Yàlla gi mu doon ci
lu wér, moom ngeen ko jële, te kàddu googu
mooy liggéey ci seen biir, yeen gëmkat ñi.
14 Ndax kat bokk yi, yeena aw ci tànki
gëmkati Almasi Yeesu ya fa mboolooy Yàlla
ya fa réewum Yuda, ndax coono ya ñu daj
ca Yawut ya, yeen it seeni waa réew teg
nañu leen lu ni mel.
15 Yawut ñi ñoo rey Sang bi Yeesu, na ñu
reye woon yonent yi, te ñoo nu
bunduxataal tey. Neexuñu Yàlla, te nooni
ñépp lañu.
16 Ñoo nuy aaye nu àgge jàmbur ñi dul
Yawut kàddu gi leen di musal. Noonu lañu
matale seen jóorub bàkkaar yi ñu nekke
naka jekk, waaye am sànj a leen mujj dab.

### *Póol namm na waa Tesalonig*

17 Nun nag bokk yi, teqale nañu nu ak
yeen ab diir, waaye xol yi sorewaatoowul,
xanaa jëmm yi rekk a soree. Waaye sunu
nammeel gu réy tax na noo def sunu kem
kàttan, ndax yàkkamtee gisewaat ak yeen.
18 Moo tax nu bëggoon leena seetsi,
waaye Seytaane moo nu gàllankoor. Te
man Póol, jéem naa leena seetsi bu dul
benn yoon du ñaar.
19 Ndax kat, ana kan mooy sunu
yaakaar, di sunu mbég, te di sunu kaala gu
nuy sagooji? Xanaa du yeen, kera ca sunu
kanam Boroom Yeesu, bu feeñee?
20 Yeen déy lanuy damoo, di leen bége.

## 3

1 Ba ñu muñee ba tële nag, ca lanu
nangoo des ca Aten, nun doŋŋ.
2 Nu daldi yónni Timote, muy sunu
mbokk, di jawriñub Yàlla bu nuy
liggéeyandool ci xibaaru Almasi bi. Su ko
defee Timote dooleel leen, feddali seen
ngëm,
3 ngir kenn baña jàq ci biir tiis yii, ndax
yeen ci seen bopp xam ngeen ne loolu
lanu séddoo.
4 Ba nu nekkee ak yeen sax lanu leen
njëkkoona wax ne dinanu daj ay coono, te
xam ngeen ne noonu la ame.
5 Moo tax ba ma muñee ba tële, ma
yónnee, ngir xam fu seen ngëm tollu, ndax
ragal ne fiirkat bi da leena fiir, ba sunuw
ñaq neen.
6 Waaye léegi bi Timote délsee, bawoo ci
yeen, xibaaru jàmm la nu àgge ci seen
ngëm ak seen cofeel ak ni ngeen nuy bégee
di nu fàttaliku saa su nekk, te namm nu
lool ni nu leen namme, nun itam.
7 Kon nag bokk yi, ci sunu biir mitit ak
njàqare, sunu xol sedd na ci yeen ndax
seen ngëm.
8 Léegi kay nu ngi dundaat, gannaaw
yeena ngi sax ci Boroom bi.
9 Ndaw njukkal lu nuy dellooti Yàlla ngir
yeen, ndax mboolem mbég mi nu leen di
bége fi sunu kanam Yàlla!
10 Guddi ak bëccëg, pastéefu xol lanuy
dagaane Yàlla, ngir man leena gisaat, ba
mottali li yées ci seen ngëm.
11 Yal na Yàlla sunu Baay ci boppam, ànd
ak sunu Sang Yeesu, ngir jubal sunuw
yoon ba nu agsi ci yeen.
12 Ni sunu cofeel ak yeen baawaane, yal
na ko Boroom bi yokke ba baawaanal ag
cofeel ci seen biir ak ci seen diggante ak
nit ñépp.
13 Yal na Boroom bi dooleele noonu seen
xol, ngir kera bu sunu Sang Yeesu délsee,
ànd ak ñoñam ñu sell ñépp, fekk leen sell te
mucc sikk, fa kanam Yàlla sunu Baay.

# 4

### *Sellal wartéef la*

1 Li ci des nag, bokk yi, moo di yeena
nangoo ci sunu làmmiñ jëfin wi ngeen
wara jëfe ba neex Yàlla, te it moom ngeen
nekke. Waaye danu leen di tinu, di leen
ñaax, ci turu Sang Yeesu, ngir ngeen gënati
koo jëfe.
2 Xam ngeen ndigal yi nu leen jox ci turu
Sang Yeesu.
3 Lii moo di coobarey Yàlla: ngeen sellal
te mucc ci séy yi yoon tere.
4 Su ko defee kenn ku nekk ci yeen
mana moom yaramu boppam ci biir
sellaay ak jom,
5 te ngeen ànd ak sago ci seeni
xemmemtéef, baña mel ni niti xeet yi
xamul Yàlla.
6 Ci moomu mbir, bu kenn ci yeen tooñ
mbokkam, di aakimoo yelleefam, ndax
waxoon nanu leen ko, ba artooti leen ne
leen jëf ju ni mel, Boroom bee koy fey ña
ko def.
7 Yàlla kat ci cellte la nu woo, waaye du
ci jëfin wu setul.
8 Kon nag ku jalax ndigal lii, du nit nga
jalax, xanaa Yàlla, moom mi leen jox
Noowam gu Sell.
9 Ci wàllu mbëggeel gi war ci biiri bokk,
soxlawuleen ku leen ci bind dara, ndax
yeen ci seen bopp, Yàlla tàggat na leen ci
soppante,
10 te moom ngeen nekke seen diggante
ak mboolem bokki diiwaanu Maseduwan
gépp. Teewul nag, bokk yi, nu di leen ñaax,
ngir ngeen gënate jëfe noonu.
11 Sàkkuleen di jëfe jëfin wu dal, te ngeen
di toppatoo lu seen yoon nekk, tey dunde
seenu ñaq, na nu leen ko sante woon.
12 Kon dingeen jekk nu ngeen di jëflantee
ak ñu gëmul ña ca biti, te dungeen soxlaal
kenn dara.

### *Tiislu bu ëpp warul*

13 Bokk yi nag, bëggunu ngeen réere
mbirum way dawlu ñi, bay tiislu ni ñeneen
ñi amul jenn yaakaar, di tiisloo.
14 Ndegam gëm nanu ne Yeesu dee na,
ba dekki, noonu it lanu wara gëme ne Yàlla
mooy dekkal way dawlu ñi gëmoon Yeesu,
ba boole leen ak Yeesu, indaale.
15 Lii nu leen di àgge, te muy kàddug
Boroom bi de, moo di nun ñi fiy dese
bakkan ba kera Sang biy délsi, dunu jiitu
way dawlu ñi fa moom.
16 Sang bi ci boppam, woote bu xumb
lay wàccaalee asamaan, baatu kilifag
malaaka jib, ànd ak coowal liitu Yàlla. Su
ko defee ña seenug dee fekk ñu gëm
Almasi bi ñooy njëkka dekki.
17 Gannaaw loolu nun ñi fi dese bakkan
lees di këfandoo ak ñoom, jëme ca niir ya,
ngir nu dajejeek Sang bi fa jaww ja, nu
daldi nekk ak moom ba fàww.
18 Kon nag deeleen dëfalantee yooyu
kàddu.

# 5

1 Waaye nag bokk yi, lu jëm ci ay àpp ak
bés ya loolu di am, soxlawuleen ku leen ci
bind,
2 ndax yeen ci seen bopp, xam ngeen
xéll ne Sang bi, ni sàccub guddi lay dikke.
3 Fa nit ñi naan: «Jàmm ak kaaraange
dikk na,» fa la sànkute di dale ci seen kaw,
ni aw mat di jekkee dal ci kaw jigéenu
wérul, te kenn du ca rëcce.
4 Waaye yeen bokk yi, nekkuleen cig
lëndëm, ba bés boobu di leen bett ni ab
sàcc di bettee.
5 Yeen ñépp ay doomi leer ngeen, doomi
bëccëg ndarakàmm; nun bokkunu dara ak
guddi, mbaa ag lëndëm.
6 Kon nag bunu nelaw ni ñi ci des,
waaye nanu teewlu, te ànd ak sunu sago.
7 Ndaxte ñiy nelaw, guddi lañuy nelaw;
ñiy màndi it, guddi lañuy màndi.
8 Waaye nun ñiy waa bëccëg, nanu ànd
ak sunu sago, te def ngëm ak cofeel sunu
kiiraayal dënn; yaakaaru texe di sunu
mbaxanam xare.
9 Ndax kat Yàlla séddu nu am sànj, waaye
ag mucc la nu moomale ndax sunu Sang
Yeesu Almasi bi.
10 Su nuy dund ak su nuy dee, moom
moo nu deewal, ngir nu mana ànd ak
moom, dund.
11 Kon nag noonu ngeen di ñaaxantee aka
yokkante, nangeen ko wéye.

### *Dénkaane yii la Póol tëje*

12 Gannaaw loolu bokk yi, danu leen di
ñaan, ñi féetewoo coonob liggéey ci seen

biir te jiite leen ci yoonu Boroom bi, di
leen yee, nangeen leen yég.
13 Nangeen leen nawe seen kem kàttan
te soppe leen noonu ndax seen liggéey.
Gannaaw loolu, nangeen jàmmoo.
14 Bokk yi, danu leen di dénku; yaafus yi,
femmuleen leen; ñi néewu fit, ñaaxleen
leen; néew-doole yi, dimbalileen leen, te it
muñalleen ñépp.
15 Fexeleen ba kenn du feyantoo. Waaye
lu baax, deeleen ko deflante ci seen biir, te
di ko defal ñépp.
16 Deeleen bég,
17 di saxoo ñaan,
18 te di sant ak nu mu mana deme.
Loolu mooy coobarey Yàlla ci yeen ñi ànd
ak Almasi Yeesu.
19 Buleen giimal taalub Noowug Yàlla gi,
20 buleen gàttañlu ay kàdduy waxyu.
21 Waaye lu mu mana doon,
settantalleen ko; li baax, ngeen jàpp ci,
22 te lu bon ak nu mu mana bindoo,
dàndleen ko.
23 Yàlla ci boppam, moom miy Boroom
jàmm, yal na leen sellal, ba ngeen mat sëkk,
te seen léppi xel ak seen léppi xol ak seen
léppi yaram sàmmu, ba mucc sikk, ba kera
bés bu sunu Sang Yeesu Almasi bi feeñee.
24 Ki leen woo de ku wóor la, te moo koy
def it.

### *Póol tàggatoo na ak waa Tesalonig*

25 Bokk yi, nun itam, ñaanalleen nu.
26 Nuyulleen nu bokk yépp, te fóonalleen
nu leen, na mu gëna selle.
27 Maa ngi leen di dénku nag, ngir
Boroom bi, jàngleen biral bataaxal bii ngir
bokk yépp.
28 Yal na sunu yiwu Boroom Yeesu
Almasi bi ànd ak yeen.

# 2.Tesalonig
## muy ñaareelu bataaxal bi Póol bind waa Tesalonig

Am na ci Tesalonig nit ku sos ne am na bataaxal bu jóge ci Póol (2.2), buy wax ne Sang bi délsi na ba noppi. Póol weddi ko ne, amul kenn ku xam jamono ji Almasi bi di délsi. Li nu xam daal moo di ne, dina délsi. Mu dolli ca ne bés pénc ba du bett gëmkat ya. Ndëngte gu mag mooy jiitu bésu Sang bi te dinañu ko xàmmee. Su ko defee, ci leerug delluseem, na gëmkat yi dund dundin wu amul benn sikk.

Ci tënk:

1.1-4 Waa Tesalonig ñoo tax Póol sant Yàlla.

1.5—2.12 Póol joxe na ay tegtal ci li wara xew laata Yeesuy délsi.

2.13—3.18 Póol jox na leen ay ndigal, door leena tàggu.

### *Ubbite gi*

1 Man la Póol mi ànd ak Silwan* ak
Timote ci kàddu gii ma yékkati, ñeel
mbooloom gëmkati waa Tesalonig ñi bokk
ci Yàlla sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.
2 Aw yiw ak jàmm ñeel na leen, tukkee ci
Yàlla sunu Baay ak Sang Yeesu Almasi bi.

### *Cant war na ci waa Tesalonig*

3 Bokk yi, manunoo ñàkka sant Yàlla ci
yeen fu nu tollu, te muy lu jaadu,
gannaaw seen ngëm a ngi yokku bu baaxa
baax, te cofeelu ku nekk ci yeen ñépp di
gënatee law, digganteem ak moroomam.
4 Moo tax nun, nu di leen damoo fi biir
mboolooy gëmkati Yàlla yi, ndax seenug
muñ ak seen ngëm, ci biir mboolem ni ñu
leen di bunduxataale, ak njàqare yi ngeen
di jànkoonteel.

### *Dëgg jib na ci àtteb Yàlla*

5 Loolu lépp di firndeel ne Yàlla dëgg lay
àtte ngir ngeen mana yelloo nguuram gi
tax ngeen di sonn.
6 Te kat àtteb Yàlla dina feeñ ndax coono
ba muy delloo ñi leen teg ab coono.
7 Dina feeñ it ndax noflaay ba mu nuy
booleek yeen ñiy dékku ab coono, sédde nu
ko, kera bés bu Sang bi Yeesu feeñee, ànd
ak ay malaakaam yu làmboo manooreem,
wàcce ci asamaan.
8 Ci biir sawara wuy sël-sëli lay doon. Ca
lay mbugal ñi xamul Yàlla ak ñi baña
déggal xibaaru jàmm bi jëm ci sunu
Boroom Yeesu.
9 Ñooñu lees di mbugale sànkute gu sax
dàkk, fu sore Boroom bi, sore ndamu
manooreem,
10 kera bés bu délsee ba jot ci
teraangaam ci biir ñoñam ñu sell ñi, ba
mboolem ñi ko gëm di ko yéemoo. Te yeen
ci seen bopp, ci ngeen di bokk, ndax yeena
gëm la nu leen seedeeloon.
11 Moo tax nu saxoo leena ñaanal, ngir
sunu Yàlla yellale leen ab wooteem, ngir
itam mu sottale kàttanam seen mboolemi
mébét ci lu baax ak seen jépp jëf ju laloo
ngëm.
12 Su ko defee sunu turu Sang Yeesu
màgg ci yeen, yeen it, ngeen màgg ci
moom, ci sunu ndimbalal yiwu Yàlla ak
Sang Yeesu Almasi bi.

## 2

### *Ndëngte gu mag mooy jiitu bésu Sang bi*

1 Léegi nag bokk yi, ci wàllu dellusig
sunu Sang Yeesu Almasi bi, ak sunu dajeji
fa moom, li nu leen di ñaan moo di:
2 bu leen lenn gaawa xañ sago ba ngeen
ñàkka ànd ak seenum xel, mbaa mu di leen
jaaxal; du lu ñu ne kàdduy waxyu la, du
genn kàddu mbaa bataaxal bu ñu nu
moomale, te di leen gëmloo ne bésu Sang bi
dikk na ba noppi.
3 Bu leen kenn naxe nenn, ndax bés ba
du dikkagum, te fippu gu mag ga njëkkula
dikk, ba ki jëmmal ndëngte te dëgmal
alkute*, feeñ.
4 Kooku mooy jànkoonteeka damu ci kaw
mboolem lees di woowe yàlla, mbaa lees
di jaamu, te mooy mujj toog ca kër Yàlla ga,
ba far tudde boppam Yàlla.
5 Xanaa fàttalikuwuleen ne waxoon naa
leen ko, ba ma nekkee ak yeen?

---

* **1.1** ***Silwan*** mooy turu waa Room wi Gereg yi naan Silas. Seetal *Jëf ya* 15.22, 40.

* **2.3** Mbaa: *di doomu alkute ji,*

6 Te xam ngeen li ko téye léegi, ba du
mana feeñ lu dul ca bésam.
7 Kumpa la dooley ndëngte gi bàddoo te
mu ngi def liggéeyam xaat, xanaa kay ki ko
téye ba tey moo koy téye rekk ba keroog
jëlees fi ki ko téye.
8 Su boobaa la ku dëng ka di feeñ, te
Sang Yeesu moo koy jàllarbee ngelawal
gémmiñam, te moo koy rajaxee ca na muy
feeñe bu délsee.
9 Peeñum ku dëng ki liggéeyu Seytaane
lay àndal, te dina wone wépp xeetu
manoore aki firnde ak kéemaani feni neen
10 ak mboolem xeeti naxe yu njubadi lal,
ñeel ñi nara sànku ndax ñàkka sopp dëgg gi,
ngir nangu ko ba mucc.
11 Looloo tax Yàlla yónnee leen jëf juy
sànke, ngir ñu gëm aw fen.
12 Su ko defee mbugal dal mboolem ñi
gëmul dëgg gi, xanaa di xejjoo njubadi.

### *Taxawleen bu dëgër*

13 Nun nag bokk yi, manunoo ñàkka sant
Yàlla fu nu tollu, ci yeen ñi Boroom bi
sopp, ndax yeen la njëkka tànn, ngir sellal
leen ci Noo gu Sell gi, ak itam seen ngëm gi
ngeen gëm dëgg gi, ngir texeel leen.
14 Ci loolu it la leen woo ba mu jëfandikoo
xibaaru jàmm bi nu leen àgge, ngir ngeen
séddu ci sunu ndamal Boroom Yeesu
Almasi bi.
15 Kon nag bokk yi, taxawleen bu dëgër
te ŋoy ci dénkaane yi nu leen àgge ci sunu
làmmiñu bopp ak yi nu leen bind ci sunuy
bataaxal.
16 Sunu Sang Yeesu Almasi bi ci boppam
ak Yàlla sunu Baay mi nu sopp, te may nu
ciw yiwam, jàmmi xol ju sax dàkk ak
yaakaar ju wér,
17 yal nañu leen may jàmmi xol, te may
leen dooley wéye jépp jëf ju baax ak gépp
kàddu gu rafet.

## 3

### *Ñaanleen ci Yàlla*

1 Li ci des nag bokk yi, moo di ngeen
ñaanal nu, ngir kàddug Boroom bi gaawa
law te am ndam na mu ko ame woon fa
yeen,
2 ngir itam nu mucc ci nit ñu soxor ñu
bon ñi, ndax du ñépp a gëm.
3 Waaye Boroom bi mooy ki jara wóolu,
te moo leen di dooleel, musal leen ci ku
bon ki.
4 Am nanu it kóolute gu nu Boroom bi
may, ne li nu leen sant, moom ngeen
nekke, te moom ngeen di wéye.
5 Yal na Boroom bi wommat seen xol,
jëme ci cofeelu Yàlla ak muñ gi ci Almasi bi.

### *Yaafus warul*

6 Ndigal li nu leen di jox ci sunu turu
Boroom Yeesu Almasi bi, moo di ngeen
dànd mépp mbokk mu yaafus, te baña
dëppoo ak dénkaane yi ngeen nangoo ci
nun.
7 Yeen ci seen bopp, xam ngeen ne ci
sunuy tànk ngeen wara aw, te du ag
yaafus lanu nekke woon ci seen biir.
8 Lekkunu ñamu kenn ci neen, xanaa di
yëngu guddi ak bëccëg, ci coonob daan
sunu doole, ngir baña diisal kenn ci yeen.
9 Moona du sañ-sañ bu nu ci ñàkk, xanaa
bëgg leena won lu ngeen nu roye, ba
ngeen aw ci sunuy tànk,
10 ndax ba nu nekkee ak yeen, ndigal
lanu leen joxoon moo di lii: «Ku
nanguwula liggéey, bumu lekk.»
11 Dégg nanu nag ne ñenn a ngi ci seen
biir, ñu yaafus, duñu yëngu ci dara, lu moy
di toppatoo lu seen yoon nekkul.
12 Ñu ni mel lanuy sant aka dénku ngir
Sang Yeesu Almasi bi, ngir ñu dal, tey
yëngu, di dunde seen ñaqu bopp.
13 Yeen nag bokk yi, buleen tàyyi ci def
lu baax.
14 Ku ci déggul sunu kàddu yi ñu bind ci
bataaxal bii nag, bàyyileen ko xel, te baña
jaxasoo ak moom, ngir gàcceel ko.
15 Bumu tax ngeen def ko ab noon,
waaye yeddleen ko, ndax mbokk la.

### *Fii la Póol tëje bataaxalam*

16 Gannaaw loolu, Boroom bi moom
jàmm, yal na leen mayal boppam jàmmi
lépp ak fépp. Yal na Boroom bi ànd ak yeen
ñépp.
17 Tàggatoo bii, man Póol maa ko bind ci
sama loxol bopp, te nii laay binde ci bépp
bataaxal.
18 Sunu yiwu Boroom Yeesu Almasi bi
ñeel na leen yeen ñépp.

# 1.Timote muy bataaxal bu njëkk bi Póol bind Timote

Ñett ci bataaxal yi Póol bind, ñeel na ay naataangoom Timote ak Tit. Mu jox leen ay ndénkaane ci seeni wareefi njiit jëm ci mboolooy gëmkat yi.

Ci bataaxal bii, Póol dénk na Timote ngir mu sax di jàngale Mbind mi, te aaye jàngalekati caaxaan yi. Dénk na ko itam mu jiite mbooloo mi ciy ñaan, jàngal leen li ñu séentu ci seeni njiit, jàngal leen it ni ñu wara dimbalee jëtun yi.

Ndeyu Timote, Yawut la, waaye baayam du Yawut. Póol dafa jàppe Timote ni doomam ci wàllu ngëm, ba tax Timote ànd ak moom ciy tukkeem.

Ci tënk:

- 1.1-20 Póol artu na Timote ci jàngalekati caaxaan yi.
- 2.1-15 Póol joxe ne ay ndénkaane ci ni ñu wara jaamoo Yàlla.
- 3.1-16 Póol wax na yan jikko la bépp kilifag mboolooy gëmkat yi wara am.
- 4.1—6.21 Póol jox na Timote ak mbooloom gëmkat ñi yeneen ndénkaane.

## *Ubbite gi*

1 Ci man Póol, ndawal Almasi Yeesu, ci
ndigalal Yàlla sunu Musalkat ak Almasi
Yeesu sunu yaakaar, ci man la bataaxal bii
bawoo,
2 ñeel Timote, sama doomu bopp ci wàllu
ngëm. Aw yiw ak yërmande ak jàmm ñeel
na la, bawoo ci Yàlla Baay bi ak sunu Sang
Almasi Yeesu.

## *Njàngale mu jub day yokke*

3 Na ma la ko dénke woon ba may dem
diiwaanu Maseduwan rekk, nanga toog
Efes googu, ngir ña fay jàngale leneen, nga
aaye leen.
4 Ne leen ñu baña topp léebi neen ak limi
maam yu dul jeex, ndax loolu ay werante
doŋŋ lay jur, te jariñul dara ci liggéeyu
njotug Yàlla gi sottee ci ngëm.
5 Ndénkaane bii nag, li ko taxa jóg mooy
luy yee ag cofeel gu bawoo ci xol bu rafet
ak xel mu dal ak ngëm gu mucc jinigal.
6 Am na ñu moy woowu yoon, ba lajj jëm
ci wax ju tekkiwul dara.
7 Ñooñu ay jàngalekati yoonu Musaa
lañuy xëccoo ngir doon ko, te xamuñu li
ñuy wax, bay xam lenn ci li ñuy dëggal.

## *Yoonu Musaa am na ñu mu taxa jóg*

8 Xam nanu nag ne yoonu Musaa baax
na, ndegam na mu ware lees koy jëfe.
9 Lii itam xam nanu ko: ñi jub taxuñu
yoon wi jóg, xanaa ñi jubadi ak ñi déggadi
ak ñi ñeme Yàlla yi ak bàkkaarkat yi ak ñi
wormaalul lu sell ak ñi wormaalul Yàlla.
Bokk na ci itam bóomkati baay ak bóomkati
ndey ak reykati nit ñi
10 ak ñiy séy ci li yoon tere. Bokk na ci
itam góor-jigéen yi ak jàppkati jaam yi ak
fen-kat yi ak giñkati fen yi ak ñiy jëfe
leneen lu woroo ak njàngale mu baax
11 mi dëppoo ak xibaaru jàmm bi ñu ma
dénk, xibaaru Yàlla Aji Tedd ju màgg ji.

## *Nanu sante Yàlla yërmandeem*

12 Damay sant sunu Boroom Almasi
Yeesu mi ma dooleel, moom mi ma natt ba
wóolu ma, tabb ma ci liggéey bi,
13 te ma nekkoon ab tooñkatam, di ab
bunduxataalkat, di ab néeg. Waaye
yërmande laa dajeel, ngir ñàkka xam ga ma
daan jëfe, te ñàkka gëm tax.
14 Sunu yiwu Boroom moo ma
baawaanal, booleel ma ci ngëm gi ak
cofeel gi gëmkatub Almasi Yeesu jagoo.
15 Mboolem kàddu gii may wax, lu wóor
la te jara gëm: Almasi Yeesu moo dikk ci
àddina, ngir musal bàkkaarkat yi, te maa ci
raw!
16 Waaye loolu moo tax man bàkkaarkat
bi ci raw, ma dajeek yërmande, ngir ci lépp
lu nu Almasi Yeesu di muñal, ma doon ci
misaal, ñeel ñi ko nara gëm ëllëg, ba texe
ba fàww.
17 Yaw Buur bi sax dàkk,
doo dee, te bët manu laa gis,
yaw Yàlla miy kenn, yaa tedd, yaa màgg,
tey ak ëllëg ba fàww. Amiin!
18 Kon nag Timote doom, loolu mooy
ndigal li ma la dénk, te mu dëppook kàdduy
waxyu yi jotoona jib te jëm ci sa mbir.

Gànnaayool kàddu yooyu ngir di ci xaree
xare bu baax bi,
[19] te nga saxoo ngëm ak xel mu dal. Am
na ñu tanqamlu seen ndéeyum xel ba
suuxal seen ngëm.
[20] Ci ñooñu la Imene ak Alegsàndar bokk;
Seytaane laa leen jébbal, yare leen ko, ngir
ñu bañatee saaga Yàlla.

# 2

## *Póol sàrtal na jataayub màggal Yàlla*

[1] Kon nag li jiitu ci mboolem li may
dénkaane mooy ngeen di dagaan, di ñaan,
di tinu aka sant, ñeel doom aadama yépp,
[2] ñeel buur yi ak mboolem boroom baat
yi, ngir nu mana nekke jàmm akug dal ak
wépp dundin wu tedd, tey wéye ragal Yàlla.
[3] Loolu moo rafet te neex Yàlla sunu
Musalkat
[4] bi bëgg ñépp mucc te ràññee liy dëgg.
[5] Ndax kat jenn Yàlla doŋŋ moo am,
benn rammukat doŋŋ it moo am diggante
Yàlla ak nit ñi, te mooy kenn nit: muy
Almasi Yeesu
[6] mi maye bakkanam ngir jot ñépp, te
loolu mooy seede si Yàlla joxe, bi waxtu wi
jotee.
[7] Ci boobu seede lañu ma tabbe ab
yéenekat ak ndawal kàddu gi ak itam ab
jàngalekat, ñeel xeet yi dul Yawut, ngir ma
xamal leen yoonu ngëm ak dëgg. Fenuma,
dëgg doŋŋ laay wax.
[8] Kon li ma bëgg moo di góor ñi di ñaane
fépp, tàllal loxo yu mucc sikk, te bañ cee
boole meroo ak mbiicoo.
[9] Naka noonu, na jigéen ñi di sol col gu
yiw gu teggine te yem. Buñu jiital di
defarlu ay létt yu ëpp ak gànjari wurus aki
per ak yérey tànnéef,
[10] waaye nañu gànjaroo jëf ju baax, ndax
mooy li jekk ci jigéen ñuy seede ne ñooy ñiy
ragal Yàlla.
[11] Te it bu ñuy jàngale, na jigéen ñiy
noppi, te woyof toyy.
[12] Mayuma jigéen mu jàngale mbaa mu
jiite góor, waaye na noppi.
[13] Ndax kat Aadama lañu njëkka bind,
Awa topp ca.
[14] Te it du Aadama lañu nax, waaye
jigéen lañu nax ba mu xëtt ndigal.
[15] Teewul muccu jigéen a ngi ci njurum
doom, ndegam saxoo na ngëm ak cofeel ak
jëfin wu sell te yem.

# 3

## *Lii lañu séentu ci njiitu mbooloo mi*

[1] Wax ju wóor a ngii: kuy sàkku sasub
jiite mbooloom gëmkat ñi, liggéey bu rafet
lay xëccu.
[2] Njiit li nag fàww mu mucc sikk, di ku
dencul lu wees jenn jabar, ku noot
bakkanam, jiital am xelam, di ku nawlu,
man gan, te mana jàngale.
[3] Bumu di ab màndikat, mbaa kuy sooke
ab xeex, waaye na lewet, bañu ay, te bumu
xemmem xaalis.
[4] Kërug boppam nag, na ko yor yorin wu
rafet, te na mana yar ay doomam ba ñu
nangul ko te sédd ko cér bu mat sëkk.
[5] Ndax ku tëlee yor kërug boppam, ana
nu mu mana sàmme mbooloom gëmkati
Yàlla yi?
[6] Te it bumu dib tuubeen bu bees, lu ko
moy ag réy-réylu man na koo gëlëmal, ba
mu tàbbi ci mbugal ni Seytaane.
[7] Te it ñi ci biti te gëmuñu, la ñu ko
seedeel nay lu rafet, ba deram du yàqu,
nde kon mu tàbbi ci fiiru Seytaane.

## *Lii lañuy séentu ci jàpplekati mbooloo mi*

[8] Naka noonu kiy jàppale mbooloo mi, na
di ku tedd, bumu di boroom ñaari kàddu.
Bumu di ku sàngara jiital, mbaa kuy sàkku
am-am bu lewul.
[9] Na ŋoy ci mbóotum ngëm mii feeñ te
ànd ceek xel mu dal.
[10] Dees koy njëkka seetlu nag, ba muy ku
mucc sikk, ñu door koo dugal ci liggéeyu
kiy jàppale mbooloo mi.
[11] Naka noonu, na jigéen ñiy jàppale
mbooloo mi* di ñu tedd, buñu diy soskat,
nañu noot seen bakkan, te jara wóolu ci
lépp.
[12] Ab jàppalekatub mbooloo mi bumu
denc lu wees jenn jabar te na yor ay
doomam ak këram yorin wu rafet.

* **3.11 *jigéen ñiy jàppale mbooloo mi:*** manees na koo tekki nii it: *seeni soxna*

[13] Ñi ci wàccoo ak seen sasub jàppalekat
nag, seenub liggéey lañu jënde taxawaay
bu rafet, te ñooy mana waxe fit seen ngëm
gi ñu gëm Almasi Yeesu.

*Mbóotum yoonu ngëm wi màgg na*

[14] Lii laa lay bind, te di la yaakaara
seetsi ci fan yu gàtt,
[15] ngir su ma yeexee itam, nga xam
nooy doxale ci biir waa kër Yàlla,
maanaam mbooloom ñi gëm Yàlla jiy
dund. Mbooloom gëmkat mi mooy kenug
dëgg gi, di cëslaayam.
[16] Deesul nàttable moos màggaayu mbóot
mii feeñe ci sunu yoonu ngëm:
Kii moo feeñe ci yaramu suux,
Noowug Yàlla dëggal ko,
malaaka ya niir ko;
moom lañu waaree ci xeet yi,
gëmees na ko ci kaw suuf it,
te yéegees na ko fa leer ga.

# 4

*Àlluway ceytaane yàq na am xel*

[1] Noowug Yàlla wax na ci lu leer ne ci
mujug jamono, dina am ñu wacc yoonu
ngëm wi, di topp ay xalaat yuy fàbbee ak ay
àlluway ceytaane
[2] yu leen ay jinigalkat, ay fen-kat yu
dërkiis ab xol, di naxe.
[3] Ñooñu ñooy aaye ab séy, di digle ñàkka
lekk yenn ñam yu Yàlla sàkk, ngir gëmkat ñi
xam liy dëgg man cee jariñu te di ko sante
Yàlla.
[4] Ndaxte li Yàlla sàkk lépp a baax, du lenn
lees ciy aayal, ndegam kàddug cant lees
koy jariñoo.
[5] Lu mu mana doon, kàddug Yàlla akug
ñaan moo koy sellal.

*Lii la liggéeyu jawriñu Almasi bi laaj*

[6] Soo dee xamal loolu bokki gëmkat ñi,
yaa di jawriñu Almasi Yeesu ju baax ju
xontu ci kàdduy yoonu ngëm wi ak àlluwa
ju rafet ji nga topp naka jekk.
[7] Waaye nettali yu yittewoo lu dul Yàlla,
ak léebi jeeg ju màggat ji, bañ ko, te nga
tàggatu ci ragal Yàlla.
[8] Ndax kat tàggat aw yaram, as njariñ a
ngi ci, waaye ragal Yàlla, ci lépp lay jariñe,
te moo moom digeb àddinay tey ak ëllëg.
[9] Kàddu gii may wax, lu wóor la te jara
gëm ba mu mat sëkk.
[10] Loolu kat moo nu tax di sonn aka
góor-góorlu, ndax Yàlla jiy dund lanu
yaakaar, moom miy musal ñépp, rawatina
gëmkat ñi.
[11] Digleel loolu, te di ko jàngale.
[12] Bu la kenn xeebe say at yu néew,
waaye nanga doon royukaayu gëmkat ñi ci
wax ak jëfin ak cofeel ak ngëm ak dundin
wu set.
[13] Ba keroog may dikk, saxool di
jàng-biral Mbind mi, di ñaaxe aka jàngale.
[14] Bul sàggane may gi ci yaw, te di lu ñu
la baaxee ag kàddug waxyu gu ànd ak
tegeb loxo ba la kuréelu mag ñi defaloon.
[15] Loolu ngay def sam xel, mbir yooyu
ngay pastéefoo, ba sag yokkute bir ñépp.
[16] Sàmmal sa bopp nag, sàmm sa àlluwa, te
saxoo ko; soo ko defee, dinga mucc, musal
ñi lay déglu.

# 5

*Ay ndigal ñeel na jëtun ñi*

[1] Bul gëdd mag, waaye ñaax ko ni bu
doon sa baay. Ndaw it, def ko ni sa rakk.
[2] Jigéen ju mag, def ko ni sa yaay; jigéen
ju ndaw, nga def ko ni sab jigéen, te seen
diggante set wecc.
[3] Teralal jëtun ñiy jëtun dëgg.
[4] Waaye su dee ab jëtun bu ami doom
mbaa ay sët, ñooñoo wara njëkka jéema jëfe
ag ragal Yàlla ci seen biir kër, ba delloo
njukkal seen waajur, ndax loolu la Yàlla
rafetlu.
[5] Waaye kiy ab jëtun dëgg te di ku wéet,
mooy ki yaakaar Yàlla, te saxoo ay dagaan
aki ñaan, guddi ak bëccëg.
[6] Ku ci nekkewul lu moy bànneexu
bakkanam nag, dee guy dox la.
[7] Loolu ngay dénkaane, ndax ñépp mucc
sikk.
[8] Ku fàggulul ay bokkam nag, rawatina
waa këram, yoonu ngëm wi la gàntal, te
moo yées ku gëmul.
[9] Limeefu jëtun ñi ndimbal ñeel, deesu ci
bind ku am lu yées juróom benn fukki at,
te na di ku masul am lu wees jenn jëkkër
doŋŋ,
[10] te di ku ñu seedeel jëf ju rafet; lu mel
ni yar ay gone ak man gan ak teral gëmkat

ñu sell ñi* ak dimbali ñi tollu diggante ak
di wéy ci jépp jëf ju baax.
11 Jëtun ñiy ndaw nag, génne leen ci,
ndax bu leen bëgg-bëggu bakkan sorelee
ak Almasi bi, dinañu namma séyaat,
12 te su boobaa mbugal war ci ñoom,
ndax worma ja ñu fecci.
13 Te itam ca lañuy tàmme amug jot, di
taxawaalu këroo kër. Te duñu yem ci am ag
jot rekk, waaye dañuy réy làmmiñ, di dugg
ci lu seen yoon nekkul, tey wax lu leen
warul.
14 Moo tax ma bëgg, jëtun ñiy ndaw
séyaat, ami doom, yor seen kër, ba noon bi
du am lu mu yàqe sunub der.
15 Ndax kat am na ci xaat yenn jëtun ñu
lajj, ba topp Seytaane.
16 Gëmkat bu jigéen bu ci am mbokkum
jëtun nag, na ko dimbali ba yenni mbooloo
mi. Su ko defee mbooloo mi mana dimbali
ñiy jëtun dëgg.

## *Ay ndigal ñeel na mag ñi*

17 Mag ñiy jiite mbooloo mi bu baax nag,
nañu leen yellale ag njukkal ñaari yoon,
rawatina ñi boole coonoy waare ak
njàngale.
18 Ndax kat Mbind mi nee: «Bul ŋalaab
gémmiñu nag te fekk koy bojj am pepp†,»
nee it: «Ku ñaq, jariñu‡.»
19 Bul déglu tuuma ju ñu waxal mag mu
jiite mbooloo mi, lu moy ci kaw kàdduy
ñaari seede mbaa ñett.
20 Waaye ñi ciy bàkkaar, tiiñal leen, ndax
ñi ci des ragala bàkkaar.
21 Maa ngi lay artu nag fi kanam Yàlla ak
Almasi Yeesu ak malaaka yi ñu tabb, ngir
nga sàmm loolu te baña jeng, mbaa nga
jëfe lenn loo defe xejj ak seen.
22 Bul di gaawa teg loxo kenn, ngir fal ko
njiit. Bul séddu ci bàkkaari jàmbur, te yaw ci
sa bopp, sàmmool dundin wu set.
23 Te itam bul di naanati ndox mu ñuul
doŋŋ, waaye deel jëfandikoo tuuti biiñ,
ndax mu baax ci sa biir ak yeneen xeeti
wéradi yu lay farala dal.
24 Am ñenn ñu seeni bàkkaar fés, te
àtteesagu leen, waaye am na ñenn ñu seeni
bàkkaar làqu ba tax yoon dabagu leen.
25 Naka noonu, jëf ju baax day fés, te lu
ci fésul it, du wéye làqu.

# 6

## *Ay ndigal ñeel na jaam yi*

1 Mboolem ñi ci buumu njaam, nañu
jàpp ne seeni sang yelloo nañu gépp
wegeel, ngir kàddu gu teddadi baña tege ci
turu Yàlla ak sunu àlluwa.
2 Jaam yi seeni sang di bokki gëmkat,
buñu yab seeni sang, ndax li ñuy bokki
gëmkat, waaye na tax ñu gënati leena
jaamu, ndax seen sang yooyu di jariñoo
seenu ñaq, ay gëmkat lañu, ay soppe lañu.

## *Ragal Yàlla mooy alal*

Loolu nga wara jàngale, di ko dénkaane.
3 Waaye ku ciy jàngale leneen, te toppul
kàddu yu wér yi tukkee ci sunu Sang Yeesu
Almasi bi, toppul àlluwa ji dëppoo ak ragal
Yàlla.
4 Kooku, ab xoggalilukat la te xamul
dara. Woppi werante ak xuloo ci li baat yi
di tekki, moo ko dal, te loolu mooy jur
ñeetaane ak ŋaayoo aki saaga ak ñaaw njort
5 ak jote yu dul jeex yu boole ay nit ñu
seenum xel mu yàqu xañ àlluway dëgg. Nit
ñooñoo mbubboo ag ragal Yàlla, te def ko
wutukaayu alal.
6 Teewul ragal Yàlla gu ànd ak doylu, di
alal ju réy.
7 Ndax kat indaalewunu dara ci àddina,
te manunoo yóbbaale dara.
8 Kon su nu amee lu nu lekk ak lu nu sol,
nanu ko doyloo.
9 Waaye ñi sàkkoo barele, ñooy tàbbi ci
nattub bakkan aki fiir ak lu bare ciy
xemmemtéef yu tekkiwul dara,
xemmemtéef yuy lore, tey suuxal seeni
boroom ci yàqule ak sànkute.
10 Ndax sopp xaalis kat mooy reenu
mboolem xeeti loraange. Am na ñuy
ŋaf-ŋafi, di ko wut, far lajj ci yoonu ngëm,
ba teg seen bopp tiis wu bare.

## *Xareb ngëm jib na*

11 Yaw miy nitu Yàlla nag, dawal loolu, te
topp njub ak ragal Yàlla ak ngëm ak cofeel
ak muñ akug teey.

* **5.10** Mbaa: *raxas tànki gëmkat ñu sell ñi,* † **5.18** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 25.4. ‡ **5.18** Seetal ci *Luug* 10.7.

12 Joŋanteel joŋante bu baax bi, ngir
yoonu ngëm wi, te nga ŋoy bu baax ci
texeg fàww gi ñu la woo, ba tax nga dëggal
sa ngëm nu rafet noonu nga ko dëggale
woon fa kanam seede yu bare.
13 Dama lay ñaax fi kanam Yàlla mi may
bakkan lépp luy dund, ak fi kanam Almasi
Yeesu, boroom seede su rafet sa fa kanam
Poñsë Pilaat,
14 sàmmal santaane bi, te bañ koo gàkkal,
bañ koo sikkal, ba kera sunu Sang Yeesu
Almasi bi di feeñ,
15 te ki koy feeñal bu àppam jotee,
di Ku tedd ki wéetoo nguuram,
Buuru buur yi, Sangu sang yi,
16 moom doŋŋ moo dul dee,
moo màkkaanoo leer gu kenn jotewul,
te mooy ki nit masula gis te tële koo gis.
Teraanga ak kàttan ñeel na ko ba fàww.
Amiin.
17 Ñi barele alalu àddinay tey nag, dénk
leen ñu baña réy te baña yaakaar alal ju
wóoradi, te ñu yaakaar Yàlla mi nuy
xéewale lépp, ngir nu di ko bége.
18 Ñi barele na ñuy def lu baax, nañu
barele ci jëf ju baax, di joxe ci xol bu tàlli,
yéwén te nangoo dimbalee.
19 Noonu lañuy dajalee alal, muy cëslaay
lu dëgër ngir ëllëg, ndax ñu jot ci dund giy
dëgg.
20 Ngalla waay Timote, sàmmal li ñu la
dénk! Moytul kebetuy àddinay kese ak
werantey diiŋatkat yu tuddoo boroom
xam-xam.
21 Boobu xam-xam la ñenn ñi topp ba lajj
yoonu ngëm.
Aw yiw ñeel na leen.

# 2.Timote
## muy ñaareelu bataaxal bi Póol bind Timote

Bataaxal bii jombul mooy bi Póol mujja bind. Póol a ngi ci kaso ndax ngëmam ci Almasi bi te yaakaaratul ñu génne ko. Ba tax mu bind Timote, bàyyil ko ay dénkaane ci li mu wara def gannaaw bu génnee àddina, ngir moom Timote mu gëna ŋoy ci Boroom bi. Póol wax ko mu def kemtalaayu kàttanam ngir fekksi ko nu mu gëna gaawe, fi ñu ko tëj ci Room.
Ci tënk:
1.1—2.26 Póol sant na Yàlla ndax Timote. Póol dénkaane na Timote.
3.1-9 Mujug jamono dina tar, dina metti.
3.10—4.22 Póol dellu na dénkaat Timote.

*Ubbite gi*

1 Ci man Póol, ndawal Yeesu Almasi bi ci coobarey Yàlla, ngir xamle digeb dund gi ci Almasi Yeesu, ci man la bataaxal bii bawoo,
2 ñeel Timote, sama doom, sama soppe. Aw yiw ak yërmande ak jàmm ñeel na la, bawoo ci Yàlla Baay bi ak sunu Sang Almasi Yeesu.

*Feddalil sa ngëm*

3 Maa ngi lay fàttaliku ci samay ñaan guddeek bëccëg, fu ma tollu te di ci sant Yàlla, mi may jaamoo xel mu dal, ni ko samay maam daan defe.
4 Yàkkamti naa lool gisati la, ba sama xol sedd guyy, nde maa ngi fàttaliku sa rongooñi keroog ya.
5 Maa ngi fàttaliku ngëm gu dëggu gi ci yaw, te njëkkoona nekk ci sa maam ju jigéen Lowis ak sa yaay Ënis, te mu wóor ma ne ci noonu nga saxoo itam.
6 Moo tax li ma lay fàttali moo di, nga xamb taalub mayu Yàlla ga nga jote ca ba ma la tegee samay loxo.
7 Ndax kat Xel mi nu Yàlla jox taxu noo ragal, xanaa kay da noo may doole ak cofeel ak jëfin wu laloo am xel.
8 Bul kersawoo di seedeel sunu Sang, mbaa nga di ma kersawoo, man mi ñu tëj ngir moom, waaye jëlal sa wàll ci coonob xibaaru jàmm bi, ni la ko manoorey Yàlla manloo.
9 Moo nu musal,
woo nu woote bu sell te sunuy jëf taxul,
waaye coobarey boppam a tax,
ak yiwam wi ñu nu may ci Almasi Yeesu,
balaa ay jamonoy jamono di sosu.
10 Woowu yiw, la ko fésal moo di dikkug
sunu Musalkat Almasi Yeesu,
mi neenal dee, te niital nu yoonu texe,
ak dee gu fomm ba fàww, ni ko xibaaru
jàmm bi xamlee.
11 Te ci xibaaru jàmm boobu lañu ma tabb,
ba ma di yéenekatu xibaar bi, di ndawam,
di jàngalekatam.
12 Looloo tax may daj yii coono. Waaye
rusuma ci, ndax xam naa ki ma gëm, te
wóor na ma ne, li ma ko dénk, moo ko
mana sàmm ba keroog bés ba.
13 Royal ci kàddu yu wér yi nga dégge ci
man, te nga ànd ceek ngëm ak cofeel gi
Almasi Yeesu di maye,
14 te lu baax li ñu la dénk, nanga ko sàmm
ci ndimbalal Noo gu Sell gi ci nun ñi ko
gëm.
15 Xam nga ne waa diiwaanu Asi gépp a
ma won gannaaw, te Fusel ak Ermosen ci
lañu bokk.
16 Yal na Yàlla baaxe nag waa kër
Onesifor yërmandeem, ndax dëfal na ma lu
bare, te kersawoowul li ñu ma tëj kaso,
17 waaye ba mu dikkee Room, da maa
seet a seet, ba gis ma.
18 Yal na ko Boroom bi may mu daj bésub
keroog booba yërmandey Boroom bi.
Taxawu na ma lool ca Efes, te xam nga ko
xéll.

# 2

*Beyal saw sas*

1 Kon nag yaw doom, doolewool yiw wi
Almasi Yeesu di maye.
2 Li nga dégge ci man te seede yu bare
teewe ko, nanga ko jottali nit ñu wóor ñu
ko mana xamal ñeneen.
3 Jëlal sa wàll ci coono bi takk-derub
Almasi Yeesu bu wóor di jànkoonteel.
4 Ab takk-der bu bëgga neex ka ko solal
kat, du xintewoo mbiri nit ña soluwul.
5 Kuy joŋante it, deesu ko kaala te
joŋantewul ci yoon.

6 Te it beykat bi yor coonob liggéey bi,
moo wara njëkka séddu ca meññeef ma.
7 Defal sam xel ci li ma la wax. Boroom
bi moo lay leeralal lépp.

### *Yeesu mooy boroom kóllëre*

8 Bàyyil xel ci Yeesu Almasi bi ñu dekkal
te mu soqikoo ci Daawuda, ni ko sama
xibaaru jàmm indee.
9 Xibaaru jàmm boobu moo tax may daj
coono yu metti ni defkatu mbon, ba ci jéng
yii ñu ma jéng. Waaye kàddug Yàlla moom,
deesu ko jéng.
10 Looloo ma tax di muñ lépp, ngir ñi ñu
tànn, ndax ñoom it ñu dajeek mucc gi ci
Almasi Yeesu, boole ci teraanga ju sax.
11 Kàddu gu wóor a ngii:
Su nu deewandoo ak Almasi bi,
nooy dundandoo ak moom itam;
12 su nu muñee,
nooy bokk nguuru.
13 Su nu ko gàntalee,
moom it dinanu gàntal;
su nu ko ñàkkee kóllëre,
mu saxoo kóllëreem,
ndax manula gàntal boppam.

### *Surga day sàkku ngërëmu njaatigeem*

14 Loolu, dee ko fàttalee, te ngay dénkaane
fi kanam Yàlla, ñu bañ di xuloo ci li baat
yiy tekki, ndax amul njariñ, te ñi koy dégg
doŋŋ lay sànk.
15 Defal sa kem-kàttan ba boo teewee fa
kanam Yàlla, di ku mu gërëm, ab liggéeykat
bu mucc gàcce, di xamle kàddug dëgg gi ni
mu ware.
16 Waaye ay kebetuy àddinay kese,
moytu ko, ndax ngëmadi gu ko yées rekk
lay yóbbee,
17 te kàdduy ñooñu day law ni ngal. Ci
ñooñu la Imene ak Filet bokk.
18 Ñoo lajj yoonu dëgg, ba naan ñiy
dekki, dekki nañu ba noppi, te seen wax
jooju, am na ñenn ñu muy yàq seen ngëm.
19 Teewul cëslaay lu dëgër, li Yàlla tabax,
mu ngi ne kekk, te màndarga ma ca nekk,
kàddu yii la: «Boroom bi xam na ki mu
séddoo*,» ak: «Kuy tudd turu Sang bi, na
daw njubadi†.»

20 Kër gu mag nag, du ndabi wurus ak
xaalis rekk a fa am, waaye yoy bant a nga
fa ak yoy ban; yii di ndabi teraanga, yee di
ndabi njoogaan.
21 Ku setal sa bopp nag ba mucc ci yu
bon yooyii, yaay doon ndabal teraanga lu
sell te amal sangam njariñ ngir jépp jëf ju
baax.
22 Xemmemtéefi ndaw nag, daw ko, te
nga topp njub ak ngëm ak cofeel ak jàmm,
ànd ceek ñiy tudde Boroom bi xol bu set
wecc.
23 Waaye werante yu xeluwul te du
xam-xam, moytu ko, te xam ne ay ŋaayoo
lay jur.
24 Te jaamub Boroom bi warul di ŋaayoo,
waaye day lewet ci ñépp, mana jàngale tey
muñ.
25 Jaamub Boroom bi ndànk la war di
jubbanti diiŋatkat yi, ndax jombul Yàlla
may leen ñu tuub, ba xam liy dëgg.
26 Su ko defee seenum xel dellusi, ba ñu
rëcc fiirug Seytaane mi leen jàpp, di leen
defloo coobareem.

## 3

### *Mujug jamono dina tar*

1 Lii, nanga ko xam: mujug jamono, bés
yu tar dina dikk.
2 Nit ñi, seen bopp doŋŋ lañuy bëgg, ay
bëggkati xaalis lañuy doon, ay damukat, nit
ñu réy, di ay saagakati Yàlla, ñu déggadil
waajur, ñu goreedi te selladi.
3 Duñu am yërmande, duñu meddi, ay
soskat lañuy doon, ñu ñàkk sago, ñu néeg te
bañ lu baax;
4 ay workat lañuy doon, ñu teeyadi, ñu
daŋŋiiral te di ñu bëgg seen bànneexu bopp,
ba mu gënal leen Yàlla.
5 Ragal Yàlla lañuy mbubboo tey xalab
leer ga leen ko wara manloo. Ñooñu, dëddu
leen.
6 Ñenn ci ñooñu ñooy yoxoosuy dugg ci
biir kër yi, di fàbbi jigéen ñu ñàkk bopp, ñi
seeni bàkkaar man, te seen xemmemtéef
yu bare jiital leen.
7 Gëstu ay àlluwa la jigéen ñooñuy wéye,
waaye duñu mana xam liy dëgg mukk.

* **2.19** Seetal ci *Màndiŋ ma* 16.5. † **2.19** Seetal ci *Taalifi cant* 34.15. * **3.8** ***Sànnes ak Sàmbres,*** ay tur la yu Yawut yi baaxoo tudde luxuskati Misra ya doon fexee joŋante ak Yonent Yàlla Musaa.

8 Noonee Sànnes ak Sàmbres* doon
jànkoonteek Musaa, ni la góor ñooñu di
jànkoontee ak dëgg gi; ñooy nit ñu seenum
xel yàqu, te ñu doyadi ci wàllu ngëm.
9 Waaye duñu soreeti, ndax seenug ndof
dina bir ñépp, na ñaar ñooña mujje woon.

### *Póol dénkooti na Timote*

10 Yaw nag seetlu nga bu baax sama
àlluwa ak sama dundin ak sama mébét ak
sama ngëm ak samag muñ ak sama cofeel
ak samag ñeme coono
11 ak itam bunduxataal yaak njàqare ya
ma dikke woon fa dëkk yooyu di Àncos ak
Ikoñum ak Listar†. Céy na ñu ma
bunduxataale, waaye Sang bee ma musal
ci lépp!
12 Te katképp ku namma farlu ci yoonu
Almasi Yeesu, dees na la bunduxataal.
13 Waaye nit ñu bon ñi ak maa-man yi
dañuy gën di bon rekk, di naxe tey nax
seen bopp.
14 Yaw nag saxal ci li nga jàng, muy lu la
wóor, nde xam nga ña nga tanqe.
15 Bi ngay gone nga dale xam Mbind mu
sell mi, te moo la mana may xel mu la jëme
ci mucc gi gëm Almasi Yeesu di maye.
16 Mboolem Mbind mu sell mi la Yàlla
wal ag Noowam, ba mu am njariñal jàngal
nit ñi, femmu leen, jubbanti leen, yar leen
cig njub.
17 Su ko defee nitu Yàlla ki mat sëkk te
matley jumtukaay ngir jépp jëf ju baax.

## 4

1 Kon nag dama lay dénk fi kanam Yàlla
ak Almasi Yeesu miy àtteji ñiy dund ak ñi
dee, di la dénk ci darajay bésam ba muy
feeñ ak ci darajay nguuram:
2 waareel kàddug Yàlla te taxaw ci temm,
su neexee ak su naqaree; di yedde, di
femmoo, di ñaaxe, tey saxoo muñ ci sa
njàngale.
3 Ndax kat ay jamonoo ngi ñëw, nit ñi
dootuñu xajoo àlluwa ju wér, waaye seeni
bëgg-bëggi bopp lañuy topp, bay fortaatoo
fu nekk ay jàngalekat yu leen di wax lu leen
neex.
4 Dëgg lañuy tanqamlu, lajj, wuti léebi
neen.
5 Waaye yaw, àndal ak sa sago ak
diggante boo mana tollu, te ñeme coono.
Jàppal ci liggéeyub jottali xibaaru jàmm bi,
beyal sa waar ba mu mat sëkk.
6 Man nag, daanaka saraxu tuuru bu
sottiku laa ba noppi; sama waxtuw dem
dëgmal na.
7 Xare bu baax bi, xare naa ko, rawante
bi, sottal naa ko, ngëm gi ma am, sàmm naa
ko.
8 Léegi nag kaalag njekk a may xaar, te
Boroom bi, àttekat bu jub bi moo ma koy
yool, keroog ca bés ba, te du man rekk la
koy yool, waaye itam képp ku koy séentu te
yàkkamti bés ba muy feeñ.

### *Fii la Póol tëje ay dénkaaneem*

9 Defal sa kem-kàttan, ba fekksi ma nu
mu gëna gaawe.
10 Ndax kat Demas, àddinay tey la sopp
ba tax mu wacc ma, dem Tesalonig, te
Kereseñsë dem na diiwaanu Galasi, Tit
dem diiwaanu Dalmasi.
11 Luug rekk a des fi man. Indaaleel
Màrk, ndax amal na ma njariñ ci liggéey bi.
12 Tisig nag laa yebal Efes.
13 Mbubb ma ma waccoon ak Karpus ca
Torowas, booy ñëw, indaaleel ma ko ak
itam téere yi, rawatina téerey der yi.
14 Alegsàndar tëgg bi def na ma lu bon lu
réy, waaye Boroom bee koy fey jëfam.
15 Yaw itam, moytu ko bu baax, ndax
moo gàntal lool sunu àlluwa.
16 Keroog ba ma njëkkee di layool sama
bopp, kenn taxawuwu ma, ñépp a ma
daw, yàlla bu leen seen jëf topp.
17 Waaye Boroom bee ma dimbali,
dooleel ma, ngir kàddu gi siiwe ci man, ba
xeeti jàmbur yépp dégg ko, te Boroom bee
ma musal ci pàddum gaynde.
18 Boroom bee may wallu ci jépp jëf ju
bon, te moo may aar ba tàbbal ma fa
nguuram ga fa asamaan. Daraja ñeel na
ko, tey ak ëllëg ba fàww. Amiin.

### *Póol tàggu na ñoom Timote*

19 Nuyul ma Piriska ak Akilas ak waa
kër Onesifor.

† **3.11** ***Ikoñum ak Listar,*** ay dëkk ci diiwaanu Galasi lañu woon, fa Póol tàmbalee yenam, di waare xibaaru Almasi bi.

20 Erast moom, Korent la des, waaye
Torofim, Mile laa ko bàyyi, ndax daa
woppoon.
21 Gaawala ñëw, balaa seddub lolli di
jam. Ab nuyoo ñeel na la, tukkee ci Ëbulus
ak Pudeñsë ak Linus ak Këlójaa ak bokk
yépp.
22 Yal na Boroom bi wéttali sam xel. Aw
yiw ñeel na leen.

# Bataaxal bi Póol bind Tit

Niki Timote, Tit bokk na ci naataango yi Póol yebal, ngir ñu jàngal mboolooy ñi gëm. Ci bataaxal bii, Póol sas na Tit li mu wara jàngal mboolooy ñi gëm ca réewum Keret, ak ni mu leen wara saytoo. Póol wax na Tit mu tabb ay mag, ñu jiite mbooloo mi ci dëkk bu nekk. Mu wax itam yan jikko la magi mboolooy gëmkat yi wara am.

Ci tënk:

1.1-16 Póol mi ngi sant Tit di ko wax mu tabb magi mbooloo yi.
2.1-15 Póol jox na Tit ay ndigal yi mu wara bàyyil mbooloo yi.
3.1-15 Póol mu ngi ñaax Tit ngir mu sax ci njàngaleem, ngir gëmkat yi def jëf yu baax.

*Ubbite gi*

1 Ci man Póol la bataaxal bii bawoo,
man jaamub Yàlla, biy ndawal Yeesu
Almasi bi, mu yebal ma, ngir ma dugal ñi
Yàlla tànn ci yoonu ngëm ak xam-xamu
dëgg giy taxa ragal Yàlla.
2 Ngëm googu ak xam-xam boobu, ñu
ngi sukkandiku ci yaakaar ji nu am ci texe
ba fàww, te googu texe, Yàlla mi dul fen,
moo ko dige ba àddina sosoogul.
3 Waaye tey bi mu jotee, Yàlla sunu
Musalkat moo feeñal kàddoom ci biir
waare bi mu ma dénk man, te moo ma
digal ma xamle ko.
4 Bataaxal bi ñeel na Tit, sama doomu
yoon ci kaw ngëm gi nu bokk. Aw yiw ak
jàmm ñeel na la, bawoo fa Yàlla Baay bi ak
Almasi Yeesu sunu Musalkat.

*Póol sas na Tit ca réewum Keret*

5 Li tax ma bàyyi la gannaaw ca dun bu
tudd Keret mooy nga mottali la desoon ca
liggéey ba, te nga tabb ay mag ñu jiite
mbooloo mi ci dëkk bu nekk, na ma la ko
sante woon, man ci sama bopp.
6 Ndegam nit a nga ca seen biir ñoom, di
ku mucc sikk, te dencul lu wees jenn
jabar, te ay doomam di ay gëmkat ñu ñu
tuddul ci afal seen bakkan akug déggadi,
nanga tabb ku mel noonu.
7 Ndax kat, njiit li war na di ku mucc
sikk, gannaaw ab saytukatu kër Yàlla la.
Bumu di ku bew, mbaa ku gaawa mer,
mbaa ab màndikat, mbaa bëggkatub xeex,
mbaa wutkatub am-am bu lewul.
8 Waaye war na di ku man gan, ku
xejjoo lu baax, jiital am xelam, jub, sell te
moom boppam.
9 Na jàpp bu dëgër ci kàddu gu wóor gi, ni
ñu ko ko jàngale, ngir mu man di ñaaxe
jooju àlluwa ju wér, tey tiiñal weddikat yi.

*Gëmkati Keret jar nañoo femmu*

10 Ndax kat bare na ñu të, rawatina ci
tuubeen ñi bokk ci askanu yawut, ay
waxkati neen lañu, te ñooy yàq xeli nit ñi.
11 Li war moo di tëj seen gémmiñ, ndax
këri lëmm lañuy tase àlluwa ju ñu amul
sañ-sañam, ngir di ko sàkkoo am-am bu
lewul.
12 Ma wax ko waru jenn waay, ab waa
Keret buy seen yonentu bopp. Mu ne:
«Waa Keret, ay fen-kati neen, soxor niy
rabi àll, fuqle, yaafus.»
13 Loolu mu leen seedeel mooy dëgg, te
moo tax nga war leena femmoo kàddu yu
dëgër, ngir seen ngëm tegu ci àlluwa ji wér,
14 te baña topp léebi neen yu Yawut yi ak
santaaney nit ñi dëddu liy dëgg.
15 Nit ñi set nag, seen lépp ay set, waaye
ñi boole sobewu ak gëmadi, seen dara
setul, seen xalaat ak seenum xel, ñooy
bokk sobewu.
16 Xam Yàlla lañuy woote, te seeni jëf
weddi Yàlla; nit ñu jara jéppi, ñu déggadi
lañu, te tëlee def lenn lu baax.

# 2

*Àlluwa ju wér lii lay xamle*

1 Yaw nag waareel li dëppook àlluwa ji
wér,
2 te mooy, na mag ñi noot seen bakkan,
di ñu tedd, jiital seenum xel, te pastéefu ci
wàllu ngëm ak cofeel akug muñ.
3 Naka noonu, jigéen ñu mag ñi itam,
nañu jëfe ni mu jekke ci ay nit ñu sell; buñu
yàq der, bu leen sàngara jiital, te nañuy
jàngale lu baax,
4 ngir tàggat jeeg ju ndaw ji ci sopp seen
jëkkër, sopp seeni doom,

5 di ñu jiital seenum xel, set jikko, di
liggéey ca seeni kër, baax, nangul seen
jëkkër, ba kenn du baatal kàddug Yàlla.
6 Naka noonu, xale yu góor yi itam,
ñaaxleen ci jiital seenum xel.
7 Te nanga doon, yaw ci sa bopp ab
royukaay ci lépp ndax sa jëf ju baax, te nga
boole ko ak àlluwa ju dëggu te tedd,
8 ak kàddu gu wér gu kenn dul mana
weddi, ngir rusloo ab noon bu amul lenn
lu bon lu mu nu baatale.
9 Jaam yi, nañu nangul seeni sang ci
lépp, di sàkku seen bànneexu sang, te ñu
bañ di tontoonte ak moom,
10 mbaa di randal. Waaye nañu firndeel
ne ñoo yelloo kóolute gu mat sëkk, su ko
defee dinañu sagal ci lépp, àlluwa ji ñu
jànge, te muy ju Yàlla sunu Musalkat.
11 Ndax yiwu Yàlla kat feeñ na, te looloo
indil ñépp ag mucc.
12 Yiw woowu moo nu digal nu dëddu
ñeme Yàlla ak xemmemtéefi àddina, te jiital
sunum xel, di jëfe njub, te nekke ragal
Yàlla ci àddinay tey jii.
13 Loolu lees nu digal, li feek nu ngi
séentu yaakaaru mbég ma, keroog bésu
peeñum sunu màggaayu Yàlla miy Yeesu
Almasi bi, Musalkat bi.
14 Moo maye bakkanam ngir nun, moo
nu jot, ba nu mucc ci gépp njubadi, moo nu
def askan wu mu setalal boppam, séddoo
nu, nuy askan wu farlu ci jëf ju baax.
15 Googu kàddu ngay waaree, di dénkoo
ak di femmoo, te boole ci fulla ju mat sëkk.
Bu la kenn yab.

# 3

## *Ku gëm jëfe lu baax*

1 Fàttali leen ne leen ñu nangul kilifay
nguur gi ak boroom sañ-sañ yi, di dégg
ndigal tey fàggu ngir jépp jëf ju baax.
2 Buñu yàq der te buñu bëggu ay, waaye
nañu di bëggkati jàmm, te nañuy jëfe
lewetaay gu mat sëkk seen digg ak ñépp.
3 Ndax nun itam kat, ñu ñàkk xel lanu
woon te déggadi, ñu réer, tënku ci lu doon
ay xemmemtéef ak bànneexi bakkan, tey
wéye def lu bon ak ñeetaane, ñu jara bañ te
bañante ci sunu biir.
4 Waaye ba Yàlla sunu Musalkat feeñalee
mbaaxam ak mbëggeelam ci doom
aadama,
5 ca la nu musal, te du jenn jëfu njekk ju
nu def, ba tax mu musal nu, waaye ci
yërmandeem la nu musale, sang nu
cangaay lu nu taxa judduwaat, boole ci
yeesale nu Noo gu Sell
6 gi mu nu awale ci Yeesu Almasi bi sunu
Musalkat, ba baawaanal ko ci sunu kaw.
7 Noonu la nu Yàlla baaxee àtteb ñu jub ci
kaw aw yiwam, ba nu mujj séddu ci texe
gu sax dàkk, ni nu ko séentoo.
8 Googu kàddu wóor na te damaa bëgg
nga sàmmoo dëggal loolu, ngir gëmkati Yàlla
yi saxoo def jëf ju baax. Loolu moo baax te
am njariñ ci nit ñi.
9 Waaye ay werante ak limi maam aki
xuloo aki jaayante xam-xam ci yoonu
Musaa, moytu ko, ndax loolu amul njariñ,
amul solo.
10 Ab féewalekat nag, yedd ko benn yoon
ba ñaareel bi yoon, doora daggook moom,
11 te xam ne ku ni mel daa làggi ci
bàkkaaram, te moo daan boppam.

## *Póol tàggu na Tit*

12 Gannaaw bu ma la yónnee Artemas
mbaa Tisig, defal loo man ba fekksi ma
Nikopolis, ndax fa laa fas yéenee lollikooji.
13 Naka Senas xamkatub yoon bi, ak
Apolos, fexe leena waajalal, ba duñu ñàkk
lenn lu ñu soxla ci seen yoon.
14 Na sunuy ñoñ tàggatu ci jëf ju baax ju
ñu saxoo ba faj soxla yu taxaw, ngir ñu
baña ñàkk njariñ.
15 Mboolem ñi ma nekkal ñu ngi lay
nuyu. Nuyul nu sunuy soppe ci yoonu
ngëm wi nu bokk. Aw yiw ñeel na leen,
yeen ñépp.

# Bataaxal bi Póol bind Filemon

Filemon xaritu Póol la. Póol yégaloon na ko xibaaru jàmm bi, ba Filemon dogoo topp Almasi bi. Ci jamono jooju ci réew yi bokk ci nguuru Room, lu tollook genn wàllu nit ñépp nekk nañu ay jaam. Jaam bu rëcc, ñu duma ko duma yu metti, ba dee xaj ca.

Filemon am na ay jaam, ba kenn ci ñoom, ku tudd Onesim, daw rëcc. Jombul dafa sàcc Filemon laata muy daw. Onesim mu ngi daje ak Póol, ci kaso bi ñu ko tëjoon. Mu dogoo topp Almasi bi, tàmbali di dimbali Póol. Póol yebal Onesim mu dellu ca Filemon ak bataaxal bii, ngir di sàkku Filemon nangu ko, def ko ni mbokkam ndax Almasi bi.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Póol, mi ñu tëj kaso ngir Almasi
Yeesu, ci man ak itam ci Timote miy
mbokkum gëmkat la bataaxal bii bawoo,
ñeel Filemon, sunu soppe bi bokk ak nun
liggéey bi.
2 Mu ñeel itam sunub jigéen Afya, ak
Arsipp sunu mbokkum xarekat, ak
mbooloom gëmkat miy dajee sa kër.
3 Yeen la aw yiw ak jàmm ñeel, bawoo fa
Yàlla sunu Baay ak Sang bi Yeesu Almasi
bi.

### *Póol a ngi sant ci biir ñaan*

4 Sant sama Yàlla laa dëkke saa yu ma la
fàttalikoo ci samay ñaan,
5 ndax dégg naa sa ngëm ci Sang Yeesu
ak sa cofeel ci mboolem ñu sell ñi.
6 Damay ñaan nag sa ngëm gi nu bokk
amal la njariñal ràññee mboolem ngëneel
yi nu am ci Almasi bi.
7 Mbokk mi, mbégte mu réy ak xel mu
dal laa am ci sa cofeel, ndax ni nga serale
xolu aji sell ñi.

### *Póol tinul na Onesim*

8 Lii nag sañoon naa la koo digal ci turu
Almasi bi, ndax mooy li la war,
9 waaye tinu la ci ngir cofeel, mooy li ma
taamu, man Póol mu màggat mii, boole ci
léegi tënku biir kaso ndax Almasi Yeesu.
10 Damay tinul Onesim, sama doomu
tuubeen ji ma tuubloo ba mu mel ni maa
ko jur ci diir bi ma nekke fii ci kaso bi.
11 Amalu la woon njariñ* démb, waaye
tey yaak man la amal njariñ.
12 Maa ngi koy yebal ngir mu dellu fi
yaw, te di kenn ci man.
13 Dama koo bëggoona téye fi sama wet,
ngir mu taxawal la, di ma dimbali, li feek
maa ngi ci kaso bi ngir xibaaru jàmm bi.
14 Waaye bëggumaa def dara loo àndul,
ngir mu baña doon ndimbalu ñàkk pexe,
xanaa loo defe xol bu tàlli.
15 Jombul itam dees koo tàggale ak yaw
ab diir, ngir nga jotaat ci moom ba fàww,
16 ba dootul doon sab jaam, waaye day
wees ab jaam, di mbokk, di soppe, ma
sopp ko lool, te nga war ma koo gëna sopp,
ngir jëmmu boppam ak Sang bi ngeen
bokk.
17 Ndegam nag sa waay nga ma def,
dalal ko ni su doon man.
18 Su la tooñee, mbaa mu ameel la lenn,
topp ma ko.
19 Man Póol maay bind fii ci sama loxol
bopp: maay fey loolu, duma ci tuddaale
bor bi nga ma ameel, te muy sa njotug
bakkanu bopp!
20 Kon nag mbokk mi, may ma googu
njekk ngir Sang bi, te nga seral sama xol
ndax Almasi bi.
21 Wóor na ma ci diggante bii may bind
bataaxal bi, ne dinga ma déggal, te xam
naa ne dinga def sax lu wees li may wax.
22 Te itam nanga ma waajalaale ab dal,
ndax yaakaar naa ne dees na ma delloosi
fi yeen, ndax seen ñaan yu nangu.
23 Epafras, mbokk mi ñu ma tëjandool
ndax Almasi Yeesu, mu ngi lay nuyu,
24 mook Màrk ak Aristàrk ak Demas ak
Luug, bokk yi may liggéeyandool.
25 Yal na yiwu Sang Yeesu Almasi bi ànd
ak seenum xel.

* **1.11** ***njariñ:*** ci làkku gereg turu Onesim mooy tekki «Ku am njariñ».

# Bataaxal bi jëm ca Yawut ya

Umple nañu ki bind bataaxal bii. Dafa ko bind, jagleel ko ñi dogoo topp Almasi bi, waaye fitna bi ñu leen teg tax na ñu bëgga xàcc, dellu ca seen ngëm la ñu jóge.

Bataaxal bii daa wone ne Almasi bi moo gëna màgg malaaka yi, moo gëna màgg Yonent Yàlla Musaa ak sarxalkat yi. Yoonu Musaa wi sos kóllëre gu njëkk gi, ak xaymab jaamookaay bi, ak sarax yi, ay misaal lañu woon ngir waajal Almasi bi. Almasi bi fas na kóllëre gu yees gi mottali kóllëre gi Yàlla fasoon ak bànni Israayil. Ki bind bataaxal bii dafay ñaax gëmkat yi, ba seen ngëm gëna dëgër, ba ñu mana topp ci tànki ñeneen ñi gëm Yàlla, doonte ñu ngi woon ci fitna.

Ci tënk:

- 1.1—4.13 Almasi bi moo gëna màgg malaaka yi, moo gëna màgg Musaa.
- 4.14—7.28 Almasi bi mooy sarxalkat bu mag bi gën.
- 8.1—10.39 Almasi bi fas na kóllëre gi gën, def na sarax bi gën.
- 11.1-40 Niki gëmkat yu njëkk yi seen ngëm kawe woon, war nanoo gëm dëgg gi kenn manula teg bët.
- 12.1—13.25 Nanu ne jàkk Yeesu, moom mi nguuram dul yëngu.

### *Yàlla moo feeñ ci Doom ji*

1 Bu yàgg la Yàlla waxoon ay yooni yoon
ak maam ya, ci waxin yu bare, yonent yi
jottali.
2 Ci fan yu mujj yii, ci Doom ji la jaare
wax ak nun, ki mu jagleel lépp, te ci moom
la sàkke àddina wërngal këpp.
3 Kooku mooy lerxat leeru Yàlla, te mooy
ki jëmmal nekkug Yàlla. Moo téyee lépp
kàddoom gu manoorewu. Gannaaw ba mu
setalee bàkkaar yi nag, fa ndijooru Aji
Màgg ji la toog, fa kawte ya,
4 te ni turam wi mu séddoo gëna màgge
turi malaaka yi, ni lees ko yékkatee, ba mu
gëna màgg malaaka yi.

### *Doom jee gëna màgg malaaka yi*

5 Ndax kat, ana kan ci malaaka yi la Yàlla
masa wax ne ko:
«Yaa di sama Doom,
bés niki tey, maa la jur[*],»
ba neeti:
«Maay doon Baay ci moom,
muy Doom ci man[†]»?
6 Buy indiwaat taaw bi ci àddina nag, ci la
naan:
«Na ko malaakay Yàlla yépp sujjóotal[‡].»
7 Malaaka yi, la Yàlla wax ci seen mbir ne:
«Moo def ay malaakaam diy ngelaw,
jawriñam ñooñu la def tàkk-tàkki sawara[§].»
8 Waaye Doom ji la Yàlla ne:
«Yàlla, sab jal a sax dàkk ba fàww,
sa yetu buur njub la.
9 Yaa sopp dëgg, bañ lu bon,
ba Yàlla, sa Yàlla diwe la diwu mbég,
nga tiim say moroom[*].»
10 Mu neeti:
«Yaw Sang bi, ca njàlbéen ga, yaa samp suuf,
sàkke asamaan say loxo.
11 Yooyu day réer,
waaye yaw yaay sax,
lépp ay ràpp ni mbubb.
12 Yaa leen di taxañ ni malaan,
ni yére di soppikoo it lañuy soppikoo,
te yaw ngay kenn ki,
te say at amul kem[†].»
13 Ana kan ci malaaka yi la mas ne:
«Toogeel sama ndijoor,
ba ma def say noon sa ndëggastal[‡]»?
14 Xanaa malaaka yépp duñu ay ngelaw yu
ñu sas ab liggéey, yebal leen ngir ñu
taxawu ñi wara jagoo ag mucc?

## 2

### *Nanu teewlu pexem mucc mi Yàlla waajal*

1 Moo tax nu wara yokka teewlu kàddu
yi nu dégg, bala noo lajj, taañaañal.

---

[*] **1.5** Seetal ci *Taalifi cant* 2.7. Su Yàlla nee moo ko jur, waxin la rekk. Bés bi ñu doon fal ab buur ci bànni Israayil la Yàlla di biral ne jàppe na buur bi ni doomam. Ni doom di teewale baayam, ni la buur biy teewale Yàlla ci kaw suuf. [†] **1.5** Seetal ci *2.Samiyel* 7.14. [‡] **1.6** Seetal ci *Taalifi cant* 97.7 ni ñu ko binde ci tekkiteg Mbind mu sell mi ci làkku gereg. [§] **1.7** Seetal ci *Taalifi cant* 104.4. [*] **1.9** Seetal ci *Taalifi cant* 45.7-8. [†] **1.12** Seetal ci *Taalifi cant* 102.26-28. [‡] **1.13** Seetal ci *Taalifi cant* 110.1.

2 Kàddug Yàlla ga jibe woon ci gémmiñu
malaaka yi mujj na di lu wér péŋŋ, te képp
ku ko masa xëtt, mbaa mu déggadi ko, jot
nga añ bi war ci sag tooñ.
3 Kon nag, nun ci sunu bopp, nan lanuy
rëcce mbugal, su nu sàgganee pexem mucc
mu réy mii Sang bi njëkkoona biral, te ñi ko
dégg dëggalal nu ko?
4 Te Yàlla moo doon dëggale seedey
ñooñu ay firnde aki kéemaan ak wépp xeeti
kawtéef ak ay mayi Noo gu Sell gi, may yi
mu séddalee ni mu ko soobe.

## *Yeesu moo rammu jaam ñi*

5 Ndax kat du ci kilifteefu malaaka yi la
Yàlla teg àddinay ëllëg ji nuy wax,
6 waaye am na ku yékkatee béreb kàddug
seede, ne:
«Ana luy nit, ba nga di ko bàyyi xel?
Luy doom aadamaak loo koy yége?
7 Yaa ko def mu gëna suufe as lëf malaaka
yi,
yaa ko kaalaa teraanga ak daraja,
8 lépp la ko Yàlla di jébbal, teg ko ci
ndëggoom*.»
Ba Yàlla jébbalee Yeesu lépp nag, dara la
bàyyiwul, lu mu ko jébbalul. Dëgg la, fii nu
tollu gisagunu ne jébbal nañu ko lépp.
9 Yeesu mi ñu def mu gëna suufe as lëf
malaaka yi, moom lanu gis deewam gi mu
dee tax mu jagoo kaalag teraanga. Noonu
la deewale ñépp ci kaw yiwu Yàlla.
10 Ndax kat Yàlla mi lépp lu sàkke ñeel, te
lépp sàkkoo ci moom, moo nammoona
wommat gone yu bare ba sédd leen
daraja. Moo tax muy lu jaadu, mu sottale
matug Yeesu ay coono, ndax Yeesu moo
xàllal gone yooyu yoonu mucc.
11 Yeesu miy sellal nit ñi, moom ak ñi
muy sellal, ñoo bokk lenqe, te moo tax
Yeesu rusu leena woowe ay bokk.
12 Mu ne:
«Maay siiwali saw tur ci samay bokk,
maa lay kañ fi digg mbooloo mi†.»
13 Mu waxaat ne:
«Man maay am kóolute ci moom.»
Dellooti ne:
«Man de, maa ngii, maak xale yi ma Yàlla
may‡.»
14 Gone yooyu nag, bindeefi suux ak
deret lañu bokk doon, ñoom ñépp. Moo tax
Yeesu itam dikk bokk ak ñoom woowu
nekkin, ngir mana dee ba def deewug
boppam pexe mi mu neenale ka yoroon
dooley dee, te mooy Seytaane.
15 Noonu la goreele mboolem ñi seenug
ragala dee tënkoon cig njaam, seen giiru
dund.
16 Ndax kat du ay malaaka la Yeesu
xettalisi, waaye askanu Ibraayma la
xettalisi.
17 Moo tax fàww mu niru woon ay
bokkam ci bépp fànn. Su ko defee mu
mana doon seen sarxalkat bu mag bu am
yërmande te wóor fa kanam Yàlla, ngir
mana defal askan wi seen njotlaayal
bakkan.
18 Coonoy nattu bi mu dékku nag tax na
mu mana wallu ñi nekk ci nattu.

# 3

## *Doom jee gëna màgg Musaa*

1 Kon nag bokk yu sell yi, yeen ñi bokk ci
wooteb asamaan, ràññeeleen Yeesu, ndaw
li, sarxalkat bu mag bi ci yoon wi nu gëm.
2 Ku wóor la woon, ñeel ki ko tabb,
noonee Musaa wóore woon ci mboolem
waa kër Yàlla.
3 Waaye ni ab tabaxkat ëppe teraanga
kër ga muy tabax, ni la Yeesu yelloo daraja
ju ëpp ja Musaa yelloo woon.
4 Ndax kër gu nekk am na ku ko tabax,
waaye ki tabax lépp mooy Yàlla.
5 Musaa déy «jawriñ ju wóor la woon ci
biir mboolem waa kër Yàlla*,» di seedeel
Yàlla kàddu ya ñu fa wara wax.
6 Almasi bi nag mooy Doom ju wóor ji
jiite kër Yàlla, te nun nooy këram, ndegam
kay nu ngi wéye aw fit ak yaakaar ji nuy
puukarewoo.

## *Almasi bi moo jara déggal*

7 Kon nag ni ko Noo gu Sell gi waxe:
«Bésub tey jii bu ngeen déggee baatam,
8 buleen të na woon ca fippu ga,
keroog bésub seetlu Yàlla ba ca màndiŋ
ma†,
9 fa ma seeni maam doon seetloo, di ma
diiŋat,

* **2.8** Seetal ci *Taalifi cant* 8.5-7. † **2.12** Seetal ci *Taalifi cant* 22.23. ‡ **2.13** Seetal ci *Esayi* 8.17-18. * **3.5** Seetal ci *Màndiŋ ma* 12.7. † **3.8** Seetal ci *Mucc ga* 17.1-7.

te gisoon samay jaloore,
10 diiru ñeent fukki at.
Moo tax ma mere gii maas, ba ne:
“Seen xol a dëkke lajj,
ñu faaleedi samay santaane.”
11 Moo ma taxa giñ ci sama biir mer, ne:
“Duñu tàbbi mukk fa samag noflaay‡.”»
12 Bokk yi, wattuleen bala kenn ci yeen
a am xolub gëmadi bu bon bu koy xiir ci
dëddu Yàlla jiy dund.
13 Waaye bés bu nekk deeleen soññante
li feek muy bésub teyagum, bala bàkkaar a
nax kenn ci yeen, ba mu mujj dërkiis.
14 Ndax kat noo di àndandooy Almasi bi,
ndegam wéye nanoo ŋoy bu dëgër ci sunu
kóolute ga nu doore, ba kera muj ga.
15 Waxees na ne:
«Bésub tey jii bu ngeen déggee baatam,
buleen të na woon ca fippu ga§.»
16 Ana ñan ñoo déggoon te teewuleena
fippu? Xanaa du mboolem ña génne woon
Misra ci njiital Musaa?
17 Ana ñan la Yàlla mere lu mat ñeent
fukki at? Xanaa du mboolem ña
bàkkaaroon te seeni néew mujj tëdd ca
màndiŋ ma?
18 Te it ana ñan ñu moy ña déggadi woon,
la Yàlla giñaloon ne duñu tàbbi mukk ci
noflaayam?
19 Kon nu gis ne seen gëmadee tax
manuñu ca woona tàbbi.

# 4

1 Kon nag gannaaw digeb tàbbi ci
noflaayal Yàlla mu ngi sax ba tey, nanu
ragal kenn ci yeen taxawe melokaanu ku
ca jotul.
2 Ndax kat ni ñu nu àggee xibaaru jàmm
bi, noonu lees leen ko àggee, waaye kàddu
ga ñu dégg moo leen jariñul dara, ndax ña
ko dégg ñoo ko déggewul ngëm.
3 Nun ñi gëm doŋŋ nooy tàbbi ci
noflaayam, noonu mu ko waxe, ne:
«Maa giñ ci sama biir mer, ne:
“Duñu tàbbi mukk fa samag noflaay*.” »
Ndaxam ba àddina sosoo la liggéeyu Yàlla
sotti woon ba noppi,
4 nde waxees na lu jëm ci bésub juróom
ñaareel ba, ne:
«Bésub juróom ñaareel ba nag,
Yàlla dallu ci mboolem liggéeyam†.»
5 Te moo wax itam ci lii nu njëkka jukki, ne:
«Duñu tàbbi mukk fa samag noflaay.»
6 Kon nag am na ñenn ñu ci wara tàbbi ba
tey. Te ñi ñu njëkkoona àgge xibaaru jàmm
bi, tàbbiwuñu ca ndax seenug déggadi.
7 Looloo waral Yàlla jàppaat beneen bés bu
ñuy tàbbee ci noflaayam, bés bu mu tudde
«tey jii», te mooy ba mu waxee lu yàgga
yàgg, gannaaw gi, ci gémmiñug Daawuda,
kàddu gii ñu jota jukki:
«Bésub tey jii bu ngeen déggee baatub Yàlla,
buleen të.»
8 Su leen Yosuwe tàbbaloon ca googa
noflaay, kon gannaaw gi Yàlla du wax lu
jëm ci beneen bés.
9 Kon des na ba tey noflaayu bésub juróom
ñaareel bu ñu waajalal ñoñu Yàlla.
10 Ndax ku tàbbi ci noflaayu Yàlla kat, na
Yàlla dalloo woon ca ay liggéeyam, ni ngay
dalloo ci say liggéey.
11 Nanu def sunu kem-kàttan boog, ngir
tàbbi ci googu noflaay, bala kenn a daanu
ndax déggadi gu mel ni gu maam ya.
12 Kàddug Yàlla de luy dund la, ànd ak
doole, te moo gëna ñaw saamaru ñaari
ñawka bu gëna ñaw. Day sar ba fa xel akug
noo digaloo, ba fa yax ak yuq dajee, te
man naa càmbar ay xalaat ak mébéti xol.
13 Te it amul mbindeef mu làqu fi kanam
Yàlla. Lépp a ne duŋŋ, ne fàŋŋ, muy gis, te
moom lanuy waxal bés-pénc.

## *Yeesu mooy sarxalkat bu mag bi*

14 Gannaaw nag am nanu kilifag
sarxalkat bu mag bu jàll ba ca biir
asamaan, te mooy Yeesu Doomu Yàlla,
nanu ŋoy ci yoonu ngëm wi.
15 Ndax sarxalkat bu mag bi nu am du
ku tëlee yég sunuy néew doole, waaye ni
nun rekk lees ko nattoo wet gu nekk, te
taxul mu bàkkaar.
16 Kon nag nanu ñemee dikk ba ca
ngàngunem yiw ma, ndax nu jot yërmande

‡ **3.11** Seetal ci *Taalifi cant* 95.7-11; ***noflaay:*** Yàlla moo digoon bànni Israayil ag noflaay, te mooy jàmm ju mu leen digoon ne dinañu ko dëkke biir Kanaan, gannaaw bu ñu fa duggee. Waaye ñi déggal Yeesu Almasi bi, ñoo jagoo teeweji jataayu Yàlla, te loolu mooy doon seen noflaay. § **3.15** Seetal ci *Taalifi cant* 95.7-8. * **4.3** Seetal ci *Taalifi cant* 95.11.
† **4.4** Seetal ci *Njàlbéen ga* 2.2.

te dajeek aw yiw wu nu wallu fu nu ko soxlaa.

## 5

1 Bépp sarxalkat bu mag nag, ci biir nit
ñi lees ko jële, fal ko ngir nit ñi, ci seen
diggante ak Yàlla, muy joxe ay saraxi
njébbal ak saraxi jur ngir seeni bàkkaar.
2 Dina mana sédd cér ñi xamul ak ñi moy
ndax moom ci boppam ci ag néew doole la
tënku.
3 Néew doole googu moo tax mu wara
joxeel boppam, tey joxeel askan wi ay
sarax, ngir seeni bàkkaar.
4 Te it kenn jagoowul boppam teraangay
carxal, ndare du Yàllaa ko ci woo, na woon
ca Aaróona.
5 Noonu la woon itam ci Almasi bi.
Tegoowul boppam darajay doon sarxalkat
bu mag, waaye Yàllaa ko ne:

«Yaa di sama Doom,

bés niki tey maa la jur*.»

6 Noonu it la waxe feneen, ne:

«Yaa dib sarxalkat ba fàww,

topp dayob Melkiccedeg†.»

7 Fan yi Almasi bi dee dund dundu nitu
suuxu neen, ay ñaan aki dagaan yu ànd aki
yuux aki jooy la daan yékkati jëme fa ki ko
mana wallu ba du dee, te ñaan ga nangu
na it, ndax na mu ragale woon Yàlla.
8 Li muy Doom lépp, terewu koo tàggatu ci
dégg ndigal, ndax coono yi mu daj.
9 Noonu lees matale Almasi bi sëkk, ba mu
doon cosaanu mucc gu dul jeex, ñeel
mboolem ñi ko déggal.
10 Ci biir loolu Yàlla tudde ko sarxalkat bu
mag bi topp dayob Melkiccedeg.

### *Nanu jëm kanam*

11 Moomu mbir nag bare na lu nu ciy
wax, waaye tekki ko mooy jafe ndax seen
déggin wu diib.
12 Ndax kat nëgëni tey waroon na leena
fekk diy jàngalekat, waaye aajowoo ngeen
ba tey ku leen jàngal ndoortel waxi Yàlla.
Nàmpum soow ngeen mujj aajowoo, ndax
ñàkka àttan ñam wu dëgër.
13 Képp ku tollu ci nàmpum soow nag,
tuut-tànk nga, doo mana xam dara ci
kàddug njub.
14 Mag ñi kay ñoo yelloo ñam wu dëgër,
ñoo tàmma jëfe seenum xel, ngir ràññee lu
baax ak lu bon.

## 6

1 Kon nag nanu jóge ci ndoortel àlluway
Almasi bi, daldi jàll jëm ci njàngum mag, te
ñu baña lalaat njàngale yi jiitu ci xibaar bi.
Njàngale mi moo di gëm Yàlla gannaaw
tuubeel gi war ci jëf ju bon ji nit kiy def te
muy jëfi dee.
2 Te di itam njàngalem xeeti njàpp* ak
ñaan gu ànd ak tegeb loxo; ak mbirum
dee-dekki ak àtteb bés-pénc biy sax dàkk.
3 Nanu jëm kanam, te moom lanuy def,
ndegam soob na Yàlla.
4 Ñi ñu xasa leeral nag, te ñu jota mos
may gu bawoo ci asamaan, séddu ci Noo
gu Sell gi, deesu leen mana defal dara.
5 Ñoo mos kàddug Yàlla gu baax gi ak
manoore yu jamono jiy ñëw,
6 ba noppi xàcc. Kon deesu leen waññi,
ngir ñuy tuubati, nde ñoo daajaat Doomu
Yàlla ci bant, ñoom ci seen bopp, teg ko
toroxte ju ne fàŋŋ.
7 Ndax suuf kat, su naanee ndox mu mu
tawlu ay yoon, ba meññ gàncax gu jariñ ñi
ñu koy beyal, soosa suuf dina séddu ci
barke bu bawoo fa Yàlla.
8 Waaye su meññee ay dég aki xaaxaam,
amul njariñ, alkuteem lees di tudd léegi, te
lakk lay mujje.
9 Waaye nag soppe yi, nii nuy waxe ak
yeen teewul nu di leen yaakaar ci lu wér, li
leen gëna amal njariñ, te bokk ci seenug
mucc.
10 Yàlla ñàkkul worma bay fàtte seen
liggéey ak cofeel gi ngeen sopp turam, te
firndeele ko ni ngeen taxawoo ñu sell ñi,
démb ak tey.
11 Waaye danoo bëgg kenn ku nekk ci
yeen wéye genn parlu googu ngeen nekke,
ba kera muj ga, ngir seen yaakaar sotti ba
mat sëkk.

* **5.5** Seetal ci *Taalifi cant* 2.7. † **5.6** ***Melkiccedeg,*** buurub Salem la woon, di sarxalkat bu Yàlla faloon ci jamonoy Ibraayma, maanaam ñeenti téeméeri at laata Aaróonaa doon ab sarxalkat. Seetal ci *Taalifi cant* 110.4. * **6.2** ***njàpp*** mooy li Yawut daan def ngir sell.

12 Su ko defee dungeen yàccaaral, waaye dangeen di roy ci ñi gëm te muñ, ba jagoo digey Yàlla.

*Digeb Yàlla du jaas*

13 Mu mel ni Ibraayma, ba Yàlla di digoo ak moom, Yàlla manul woona giñe ku sut Yàlla. Moo tax mu giñal ko ci boppam,
14 ne ko: «Maa lay barkeel a barkeel déy, ful laa ful†.»
15 Noonu la Ibraayma muñe, ba kera mu jote ca dige ba.
16 Nit nag, ku ko sut lay giñe, ngir dogal kàddu, ba teesal wépp werante.
17 Yàllaa bëggoona firndeel nu mu gëna leere ñeel ñi moom dige bi, ne ab dogalam du tebbiku mukk. Moo tax mu dogale ngiñ ab digeem.
18 Ñaar yooyu du tebbiku ndax Yàlla du fen, te nun ñi daw làqusi ci moom, ci lanu ame ndëgërlaay lu réy lu nu ŋoye ci yaakaar ji ci sunu kanam.
19 Yaakaar jooju lanu am, mu mel ni diigalub gaal, diigal bu dëgër te wóor, ñeel sunu xol, te yaakaar jooju mooy bëtt rido ba, ba jàll ca néeg bu sella sell ba.
20 Fa la ndaw li nu jiitu dugg ngir nun, te kookooy Yeesu mi ñu fal sarxalkat bu mag ba fàww, mu topp dayob Melkiccedeg.

# 7

*Melkiccedeg moo sut Ibraayma ak Aaróona*

1 Melkiccedeg moomu doon buurub Salem te nekkoon sarxalkatub Yàlla Aji Kawe ji, ba Ibraayma délsee jóge xareem baak buur ya mu duma, kooku moo ko gatandu woon, ñaanal ko*.
2 Moom la Ibraayma jox fukkeelu cérub mboolem cëxëtoo ma. Ni ñu njëkka dégge aw turam Melkiccedeg, ci tekki, mooy «buur bu jub». Bu loolu weesoo itam moom mooy buurub Salem, muy «buuru jàmm».
3 Melkiccedeg nag du baay, du ndey, du askanu maam wees ko xamal. Du ndoortel gane àddina, du njeextel dund wees ko xamal. Dees koo def mu niru Doomu Yàlla, te saxoo di ab sarxalkat ba fàww.
4 Seetleen ni mu ràññikoo, moom la Ibraayma maamu cosaan ma ci boppam jébbal fukkeelu cérub cëxëtoo ma!
5 Te sarxalkat yi bokk ci giirug Lewi ni ko yoon wi tërale, ñoom lañu sant ñu nangu céri fukkeeli alali askan wiy seeni bokk, te soqikoo ñoom itam ci geñog Ibraayma.
6 Waaye Melkiccedeg mi ñu askanalewul giirug Lewi, ci Ibraayma la nangoo cérub fukkeel. Te it moo ñaanal barke Ibraayma mi jagoo digey Yàlla.
7 Te amul benn werante ne ki féete suuf, moom la ki féete kaw di ñaanal barke.
8 Kon ci gii wet ay nit ñuy dee doŋŋ ñooy nangu ay céri fukkeel, ca gee wet nag ku ñu seedeel ne mu ngi dund ba tey moo jagoo cérub fukkeel.
9 Léegi nag ci waxin, Lewi miy nangu cérub fukkeel, moo génne cérub fukkeel bu mu feye ci loxol Ibraayma.
10 Ndax ba Melkiccedeg di gatandu Ibraayma, Lewi ma nga woon ca geñog Ibraayma maamam.

*Melkiccedeg misaal na Almasi bi*

11 Kon liggéeyu carxal gu Leween ñi yoroon ci yoonu Musaa, wi ñu dénkoon bànni Israayil, su doon liggéey buy taxa mat sëkk, ndax dees na soxlaati beneen sarxalkat bu jóg topp dayob Melkiccedeg, te toppul dayob Aaróona?
12 Carxal gi nag su soppikoo, fàww yoon wi itam soppiku, ànd ak moom.
13 Ki kàddu yii jëm ci moom, fa mu bokk, geneen giir la, te kenn ci giiram masu cee liggéeye ca sarxalukaay ba.
14 Li wér te wóor it moo di sunu Sang ci Yuda la soqikoo, te googu giir, Musaa waxu ci lenn lu jëm ci sarxalkat yi.
15 Mbir mi gëna leerati gannaaw ba beneen sarxalkat feeñee te mel ni Melkiccedeg.
16 Te kooku, du rekk ne santaaneb ndonol deret bu mu wàccool moo ko taxa doon ab sarxalkat, waaye manoorey dundam gu amul àpp moo ko def ab sarxalkat.
17 Ndax kat, gii kàddu, seedeelees na ko ko:
«Yaa dib sarxalkat ba fàww,

† **6.14** Seetal ci *Njàlbéen ga* 22.17. * **7.1** Seetal ci *Njàlbéen ga* 14.17-20.

topp dayob Melkiccedeg.»
18 Kon ci genn wet, santaane ba woon,
moom lañu neenal, ndax matadig
santaane ba ak ñàkka jariñeem,
19 ndax yoonu Musaa sottalul dara ba
mu mat sëkk. Ci geneen wet, yaakaar ju
gën moo nuyoo, di yoon wu nuy jaare ba
àgg fa Yàlla.
20 Te it palug sarxalkat bii ñàkkula ànd ak
ngiñ, nde sarxalkat yee, ñoom lees daan fal
pal gu àndul ak ngiñ.
21 Waaye Yeesu mii la ag palam ànd ak
ngiñ lu jibe ca ka ko wax ne ko:
«Boroom bee ko giñ
te du dellu gannaaw:
“Yaa dib sarxalkat ba fàww.”»
22 Ci kaw ngiñ lu réy loolu la Yeesu nekke
ki wérale jëmmam, ne kóllëre gu gën taxaw
na.
23 Ñi ñu masa fal sarxalkat nag bare
nañu, te tëlee wéye fàww seen sas moo tax,
gannaaw ñoom ñépp ay dee.
24 Waaye Yeesu mi sax ba fàww, moo
sasoo carxal gu sax dàkk.
25 Looloo waral mu mana musal mucc
gu mat sëkk, ñiy awe fi moom, dikk fa Yàlla,
ndax mooy dund ba fàww, ngir di leen
tinul.
26 Boobu sarxalkat bu mag lanu soxla:
moo sell, mucc sikk, mucc sobe, moom
lañu teqale ak bàkkaarkat yi ci àddina, te
moom lañu kaweel ba fa tiim asamaan.
27 Bokkul ak yeneen sarxalkat yu mag
yi: soxlawula jiital bés bu nekk saraxi jur
ngir bàkkaari boppam, door cee teg ay
sarax ngir bàkkaari askan wi. Benn yoon la
Yeesu sarxale, mu doy, te mooy ba mu
sarxee boppam.
28 Ndax kat yoonu Musaa, ay nit ak
seenug néew doole la fal ay sarxalkat yu
mag. Waaye kàddug ngiñ li topp ci yoon
wi, moo fal sarxalkat bu mag, Doom ji ñu
matal sëkk ba fàww.

# 8

## *Kóllëre gi gën la Yeesu Sarxalkat bu mag bi indi*

1 Kàddu yii nu wax nag, lii moo di ponk
bi: boobu sarxalkat bu mag lanu am, mu
toog ci ndijooru ngànguney Ku màgg ka fa
asamaan.
2 Mooy liggéey ca kër gu sell ga, ca biir
xaymab jaamookaay bu dëggu, ba Boroom
bi samp, te nit sampu ko.
3 Gannaaw nag ab sarxalkat bu mag bu
mu mana doon, dees koo fal, ngir muy
joxe ay saraxi njébbal ak saraxi jur, kon
fàww sarxalkat bu mag bii itam am lu mu
sarxe.
4 Bu doon ci àddina, du nekk sax ab
sarxalkat, gannaaw ay sarxalkat a ngi fi,
di jébbale ay sarax, ni ko yoonu Musaa
laaje.
5 Sarxalkat yooyu, jaamookaay bi ñuy
liggéeye, ab misaal la, takkndeeru yëf yu
dëggu ya fa asamaan la. Ndax ba Musaa di
waaja yékkati xaymab jaamookaay ba,
noonu lees ko artoo woon, ne ko: «Nanga
xool te def lépp, mu dëppook misaal mi ñu
la won ci kaw tund wi*.»
6 Waaye tey la Yeesu jot ci liggéeyu
carxal gu sut gu njëkk ga fuuf, te kóllëre gi
mu fas diggante Yàlla ak nit ñi, noonu la
gëne gu njëkk ga; dige yi lal kóllëre gu yees
gii it, noonu la gëne dige ya laloon gu njëkk
ga.
7 Bu kóllëre gu njëkk ga muccoon sikk
nag, deesul soxlaa xajal geneen.
8 Waaye Yàllaa sikk bànni Israayil, ba mu
nee:
«Ay fan a ngii di ñëw, la Boroom bi wax,
mu ne maay fas ak waa kër Israayil ak
waa kër Yuda,
kóllëre gu yees
gu bokkewul ak ga ma séqoon ak seeni
maam,
9 ba ma leen jàppee ci loxo,
génne leen réewum Misra.
Gannaaw ñoo sàmmul sama kóllëre nag,
man it geesuwuma leen,
la Boroom bi wax.
10 «Lii nag moo di kóllëre gi may fas
ak waa kër Israayil, bu fan yooyu weesoo:
Boroom beey wax, mu ne:
Maay yeb sama ndigali yoon ci seen xel,
ci seen xol laa koy ñaas.
Maay doon seen Yàlla,
ñoom ñu doon sama ñoñ.
11 Kenn dootul soxlaa jàngal moroomam,

* **8.5** Seetal ci *Mucc ga* 25.40.

mbaa mbokkam, naan ko: “Ràññeel
Boroom bi!”
Ndax ñoom ñépp a may ràññee,
ki gëna tuut ba ci ki gëna mag.
12 Maa leen di jéggal seeni ñaawtéef,
te seeni bàkkaar, duma ci bàyyeeti xel†.»
13 Bu Yàlla woowee kóllëre gii gu yees
nag, daa fekk mu wonnil gu njëkk ga. Lu
wonni te di lu yàgg nag, mu ngi ci tànki
wees.

# 9

## *Yoonu Musaa sàrtaloon na nu ñuy jaamoo Yàlla*

1 Kóllëre gu njëkk ga amoon na moom
itam ay ndigalam yu jëm ci ni ñu wara
jaamoo Yàlla, ak néegam bu sell bi fi kaw
suuf.
2 Xaymab jaamookaay ba ñu sàkkoon
ñaari néeg la woon. Bu njëkk ba, ca la
tegukaayu làmp ba nekkoon ak taabal ja
ak mburum teewal ma. Moo doon néeg bu
sell ba.
3 Néeg ba ca wàllaa ñaareelu rido ba,
moom lañu daan woowe néeg bu sella sell
ba.
4 Ca la sarxalukaayu wurus ba ñuy taal
cuuraay bokkoon, gaalu kóllëre ga nekk
moom doŋŋ ca biir néeg bu sella sell ba,
ñu xoob ko wurus ba mu daj. Gaal ga moo
yeboon njaqal wurus la defoon ñam wa
ñuy wax mànn ak yetu Aaróona wa jebbi
woon ak àlluway kóllëre ga.
5 Ca kaw gaal ga la ñaari jëmmi malaakay
serub nekkoon, di tegtale leeru Yàlla, seeni
laaf def keppaaru kubeer ga ñuy amale ag
njotlaay. Waaye yooyu dunu ko mana
daldi faramfàcce léegi.
6 Ba ñu waajalee noonu yooyii ba mu
jekk, sarxalkat yaa daan dugg saa su nekk
ca néeg bu njëkk ba, di def seen liggéey.
7 Waaye ñaareelu néeg ba, sarxalkat bu
mag ba doŋŋ moo ca daan dugg, benn
yoon cim at, te du ñàkka duggaale deret ju
muy joxe ngir boppam ak itam ngir
bàkkaar yi askan wi def te du ag teyeef.
8 Noonu la Noo gu Sell gi firndeele ne
yoon wu maye ñu dugg ca néeg bu sella
sell ba feeñagul woon, te fekk néeg bu
njëkk ba di taxaw ba tey.
9 Loolu misaal la, ñeel jamonoy tey, di
firndeel ne saraxi jur yi ak yeneen sarax
yi ñu daan jébbale manuñoo def ba xelu
jaamukatub Yàlla bi dal.
10 Sarax yooyu, ci aw ñam ak ag naan, ak
xeeti njàpp* doŋŋ la jëm, lépp yittewoo
yaramu suuxu neen, te di ndigal yu leen
waroon ba keroog bésub coppite taxaw.

## *Almasi bi moo far bàkkaar, fas kóllëre gu bees*

11 Almasi bi nag moo dikk tey, di
sarxalkat bu mag bi yor xéewal yi teew ba
noppi. Moo dugg ca biir xayma ba gëna
màgg te mat sëkk, xayma bu loxol nit
deful, te loolu mooy xayma ba bokkul ci
càkkéefug àddina sii.
12 Du deretu sikket mbaa yëkk la
duggaale, waaye deretu boppam la dugge
benn yoon ba fàww ca néeg bu sella sell, te
moom la amale njotlaay gu sax dàkk.
13 Deretu sikket ak yëkk, ak dóomu nag
wu jigéen wu ñu lakk, ngir suy dóom ba nit
ku sobewu, yooyu lees daan sellale nit ñi,
ngir seen cetug yaramu suuxu neen.
14 Su loolu amee, ñaata yoon la deretu
Almasi bi ëppe njariñ! Almasi bi mooy ki
def boppam sarax bu mucc sikk ñeel Yàlla,
ci dooley Noo gu Sell gi. Moom rekk moo
mana setal sunu yaraangey xel mi
sababoo ci sunu jëf ju bon ju jëme ci dee,
ba nu mana jaamu Yàlla jiy dund!
15 Looloo tax Yeesu di rammukat bi fas
kóllëre gu bees, ngir ñi ñu woo mana jot ci
muur gu sax dàkk gi ñu leen dig. Deewam
gi mu dee, moom la leen jote ci bàkkaar yi
ñu xëtte kóllëre gu njëkk ga.
16 Kayitu ndono nag fu mu teew, fàww
joxees fa firndey deewug ka donale,
17 ndax kayitu ndono du wér lu moy
gannaaw bu nit ka deewee. Du jàppandi
mukk li feek ki donalee ngi dund.
18 Looloo waral it kóllëre† gu njëkk ga ci
boppam, dooreesu ko woon te deret
tuuruwul.
19 Keroog ba Musaa biralalee bànni
Israayil gépp mboolem santaane, na ko
yoon wi laaje, ba mu noppee, deretu wëllu

† **8.12** Seetal ci *Yeremi* 31.31-34. * **9.10** njàpp mooy li Yawut daan def ngir sell. † **9.18** ***kóllëre:*** benn baat mooy tekki «kóllëre» ak «kayitu ndono».

la jël, ak ju sikket akum ndox ak caru
garabu isob bu mu laxas kawaru xar gu
xonq. Mu capp ko ca deret ja, wis-wisal ko
ca kaw téereb yoon wa ak ca kaw mbooloo
mépp.
20 Mu ne: «Lii nag mooy deret ji Yàlla
fase kóllëre gi mu séq ak yeen‡.»
21 Xayma ba ak mboolem ndabi carxal
ya it, noonu la Musaa wis-wisale deret ca
seen kaw.
22 Ndax ci yoonu Musaa sax, deret lees
di setale daanaka lépp, te bu deret
tuuruwul, njéggal amul.
23 Jumtukaay yooyi di ay misaali yëf ya
fa asamaan, yooyu sarax lees ko waroona
setale. Kon yëfi asamaan ya ci boppam,
sarax yu ko gën lees ko wara setale.
24 Ndax néeg yu sell yu nit tabax, te muy
royaalub néeg bu dëggu ba doŋŋ, du ci la
Almasi bi dugg. Waaye ci asamaan ci
boppam la dugg ngir teewal nu tey, fa
kanam Yàlla.
25 Duggul asamaan it ngir di sarxe aka
sarxewaat boppam, noonee sarxalkat bu
mag ba daan dugge at mu nekk ca néeg bu
sella sell, yóbbaale deret ju dul josam.
26 Lu ko moy ca njàlbéenu àddina lay dale
sonn ay yooni yoon. Waaye tey ci mujug
jamono yi la feeñ benn yoon doŋŋ, ba
sarxe boppam, ngir far bàkkaar.
27 Kon ni ab dogal sédde nit ñi benn yoon
doŋŋ bu ñuy dee, seenub àtte topp ci,
28 noonu itam la Almasi bi doone ab
sarax benn yoon, ngir gàddu bàkkaaru nit
ñu bare, te dina teewsiwaat, ci yoon wu
joteetul dara ak bàkkaar, ngir indil ñi koy
séentu seenug mucc.

# 10

1 Yoonu Musaa takkndeeru xéewal yiy
ñëw doŋŋ a ci nekk, waaye xéewal ya ci
seen bopp nekku ci. Looloo tax sarax yi
yoon wi laaj ñu war koo saxoo jébbale at
mu nekk, manula setal mukk wecc ñiy
jaamusi.
2 Su sarax yi taxoona set wecc, xanaa
deesu ko dakkal? Bu ca jaamukati Yàlla yi
doon sete wecc benn yoon kay, xanaa
dootuñu am yaraangey bàkkaar!
3 Sarax yooyu dañu koy fàttalee ay
bàkkaar at mu jot,
4 ndax deretu yëkk ak ju sikket kat
manula far ay bàkkaar.
5 Moo tax ba Almasi biy dikk ci àddina la
wax ne:
«Saraxi jur ak pepp, taamuwuloo ko,
waaye aw yaram nga ma waajalal.
6 Saraxu rendi-dóomal ak saraxu póotum
bàkkaar,
safoowuloo ci dara.
7 Ca laa ne: “Maa dikk nii,
te téereb yoon wi indi na li ñu bind ci man,
maa defsi sa coobare, yaw Yàlla*.”»
8 Dafa njëkk ne: «Saraxi jur ak pepp, saraxi
dóomal ak saraxi póotum bàkkaar, bëgguloo,
safoowuloo,» doonte yoon wee laaj yooyu
sarax.
9 Mu teg ca ne: «Maa ngii defsi sa coobare.»
Noonu la fare lu njëkk la, ngir wuutal fa
ñaareel bi.
10 Coobarey Yàlla googu moo waral ñu
sellale nu sarax bi Yeesu Almasi bi sarxe
yaramam benn yoon ba fàww.
11 Bépp sarxalkat a ngi taxaw bés bu
nekk ci liggéeyam, di jébbale aka jébbalewaat
yenn sarax yooyu, te lenn du ci masa
mana far bàkkaar.
12 Waaye kii de, ba mu sarxee boppam
ngir far ay bàkkaar, bennub sarax bu doy
ba fàww, ca la tooge fa ndijooru Yàlla.
13 Fa la doxe xaar bés ba ñu koy defal ay
noonam ndëggastalu tànkam.
14 Kon bennub sarax boobu, ci la matale
sëkk ba fàww nit ñi ñu sellal.
15 Mooy li Noo gu Sell gi itam seede, ñeel
nu,
16 nde gannaaw ba mu nee:
«Lii nag moo di kóllëre gi may fas ak ñoom,
bu fan yooyu weesoo, Boroom beey wax,
mu ne: Maay yeb sama ndigali yoon ci
seen xol,
ci seen xel laa koy ñaas;
17 lii la ca teg: seeni bàkkaar ak seeni
ñaawtéef,
duma ci bàyyeeti xel†.»
18 Yooyu nag fu ñu ko jéggalee, aajootul
sarax su koy far.

*Nanu àgg fa Yàlla*

‡ **9.20** Seetal ci *Mucc ga* 24.8. * **10.7** Seetal ci *Taalifi cant* 40.7-9. † **10.17** Seetal ci *Yeremi* 31.33-34.

19 Léegi nag bokk yi, am nanu sañ-sañu
dugg ca néeg bu sella sell ba, ngir deretu
Yeesu,
20 deretu Yeesu jiy yoon wu yees, yoonu
dund gu mu nu xàllal, jàllale ko ca rido ba,
te rido ba moo di yaramu suuxam wi mu
saraxe.
21 Am nanu itam sarxalkat bu mag bu
jiite kër Yàlla ga.
22 Kon nag nanu agsee fi Yàlla xol bu
dëggu ak fit wu mat sëkk wu ngëm waral,
gannaaw wisees na sunum xel ndoxum
setlu, ba mu tàggook bépp gàkk bu mu nu
sikkale, te raggees na sunu yaram ci
ndoxum setlu.
23 Nanu ŋoy ci yaakaar ji nu biral ne
moom lanu am, te nu baña yoqi, nde ki
dige ku wóor la.
24 Nanu seet itam ci sunu biir nu nuy
xiirtalantee ngir cofeel ak jëf ju baax.
25 Te bunu def ni ñenn ñi, di daggoo ak
sunuy ndaje, waaye nanuy ñaaxante,
rawatina tey bi ngeen gisee bés bi dëgmal.
26 Gannaaw bu nu xamee xéll liy dëgg ba
noppi nag, su nu bàkkaaratee te di ko tey,
su boobaa ab sarax bu far yooyu bàkkaar
amatu ci.
27 Xanaa tiitaangey séentu mbugal ma
ak sawara wu yànj wiy xoyom fippukat yi.
28 Képp ku masoona xëtt yoonu Musaa,
daawuñu ko ñéeblu; ci kaw seedey ñaari nit
ba ñett lees ko daan rey.
29 Kon ki dëggaate Doomu Yàlla, teddadil
deret ji ñu sellale kóllëre gi, te ñàkke teggin
Noowug Yàlla gi nu indil aw yiw, kooku,
mbugal ma mu yelloo, ñaata yoon lay
gënatee metti, ngeen defe?
30 Xam nanu ki wax ne: «Maay kiy feye,
di añale,» neeti: «Boroom bi mooy àtte
ñoñam‡.»
31 Céy ku nara tàbbi ci loxoy Yàlla jiy
dund, ndaw lu raglu!
32 Fàttalikuleen bés yu njëkk ya, gannaaw
ba ngeen jotee ci leeru Yàlla, na ngeen
dëgërloo woon ca xeex bu mag ba te metti.
33 Léeg-léegaa ñu saaga leen,
bunduxataal leen ci kanam nit ñi;
léeg-léegaa yeen ay taxawu nit ñi ñu teg lu
ni mel.
34 Ndax yeena bokk ak ñi ñu tëj seen
coono, te yeena muñ ci xol bu sedd ni ñu
foqarñee seen moomeel, ngir xam ngeen
yeen ci seen bopp ne am ngeen alal ju ko
gën tey sax ba fàww.
35 Kon nag buleen teqalikook seenu fit,
yool bu réy a ngi ci.
36 Li leen war moo di muñ, ba sottal
coobarey Yàlla, su ko defee ngeen jot li mu
dige.
37 Ndax kat,

«Des nas tuut, as tuut rekk,
kiy dikk, dikk te du yeex.
38 Sama nit ku jub nag mooy dund ndax
ngëm ga,
waaye ku dellu gannaaw,
sama xol bégewu la§.»
39 Nun nag bokkunu ci ñiy dellu gannaaw
te nara sànku, waaye nooy ñi saxoo ngëm
te nara mucc.

# 11

### *Yàlla rafetlu na ngëm*

1 Ngëm nag mooy cëslaayal yaakaar te
mooy firndey li bët gisul.
2 Ngëm a taxoon maam ya rafetub jëw.
3 Ngëm a nu xamal ne Yàllaa sos àddina
wërngal këpp ci kàddoom, ngir li bët di gis
dees koo sàkke ci lu bët manula gis.
4 Ngëm la Abel jébbale Yàlla sarax su gën
saraxub Kayin, te ngëm lees seedeele Abel
ne moo jub, kera ba Yàlla ci boppam
seedee ne ay saraxam a nangu. Ngëm it
moo waral Abel di wax ba tey, doonte dee
woon na.
5 Ci kaw ngëm lees yóbboo Enog, te
deewul. Da ne mes, ndax Yàllaa ko yóbbu*.
Balees koo yóbbu, lees ko seedeeloon ne
moo bànneexal Yàlla.
6 Ku amul ngëm nag doo mana neex
Yàlla, ndax kiy dikk fi Yàlla, fàww nga
njëkka gëm ne Yàlla am na, gëm it ne ñi koy
sàkku, moo leen di yool.
7 Ngëm la Nóoyin dégge kàdduy waxyub
Yàlla yu jëm ci lu kenn gisagul woon, te
ragal Yàlla la yatte gaal, ngir musal
njabootam. Ngëmam it la tiiñale àddina, ba
ab céram di njub gi ngëm di maye.

‡ **10.30** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 32.35-36. § **10.38** Seetal ci *Abakug* 2.3-4. * **11.5** Seetal ci *Njàlbéen ga* 5.24.

8 Ba Yàllay woo Ibraayma, ngir mu génn,
jëm béreb ba mu mujj muurloo, ngëm la
déggale Yàlla, ba génn, dem te xamul woon
fu mu jëm.
9 Ngëm la Ibraayma daleji ca suuf sa ko
Yàlla digoon, ba dëkk ci ay xayma ni ab
doxandéem ci réewum jàmbur, moom ak ñi
mu séddool benn dige bi, te ñuy Isaaxa ak
Yanqóoba.
10 Booba Ibraaymaa ngay séentu dëkk ba
ca fondmaa yu dëgër ya, te Yàlla di ki yor
xaralag tabax bi, boole ci di tabaxkat bi.
11 Ci kaw ngëm itam la Saarata ci
boppam mana ëmbe ba jur, te di mag ba
wees njurum doom, ndax moo njortoon
ne ka dige ku wóor la.
12 Looloo waral genn góor doŋŋ gu dee
rekk dese, aw askan mana soqikoo ci
moom, tollu ni biddiiwi asamaan ndax
bare, wees ab lim ni feppi suufas géej.
13 Ñoom ñépp ngëm lañu deewaale te
jotaguñu woon la ñu leen digoon. Waaye
fu sore lañu ko séene, di ko séentu, tey
ràññee ne ay doxandéem aki màngaan lañu
ci àddina.
14 Ñooñuy dëggal ne ay doxandéem aki
màngaan lañu ci àddina nag, te ñoo firndeel
ci lu leer ne réew mu ñu moomal seen
bopp lañu doon wut.
15 Bu ñu nammoon réew ma ñu jóge,
manoon nañoo dellu.
16 Waaye réew mu ko gën lañu doon
sàkku, te mooy réewum asamaan. Looloo
tax Yàlla rusul ñu di ko tudde seen Yàlla,
ndax waajalal na leen ab dëkk.
17 Ibraayma, ba ñu ko nattoo, ngëm la
joxee Isaaxa ni ab sarax. Ibraayma mi ñu
jagle dige yi, Isaaxa jenn doomam ju góor
ji mu am, moom la doon joxe,
18 te Yàlla ne woon ko: «Ci Isaaxa lees di
tudde saw askan†.»
19 Waaye Ibraayma njortoon na ne su
Isaaxa dee woon it, Yàlla man na koo
dekkal. Moo tax itam ci misaal, Isaaxa
délsi ciy loxoom, mel ni daa dekki.
20 Ba tey ngëm la Isaaxa ñaanale
Yanqóoba ak Esawu, ngir barkey ëllëg.
21 Ba Yanqóoba di waaja nelaw, ngëm la
ñaanale ñaari doomi Yuusufa yépp, doora
sujjóot, jafandoo boppu yetam‡.
22 Ba Yuusufa di waaja nelaw, ngëm la
waxe lu jëm ci mbirum gàddaayug bànni
Israayil gay bawoo Misra, bay dénkaane ci
mbiri yaxam.
23 Ba Musaa juddoo, ngëm la ko ay
waajuram làqe woon ñetti weer, ndax gis
na xale ba taaroo woon, ba ragaluñu
ndigalal buur ba.
24 Ba Musaa màggee, ngëm a taxoon mu
bañ ñu woowe ko doomu doomu Firawna
ju jigéen.
25 Bokk ak ñoñi Yàlla ab coono moo ko
gënaloon muy bànneexoogum ci biir bàkkaar.
26 Toroxtaange gu ñu koy teg ndax
Almasi bi, moom la defoon muy alal ju ëpp
denci Misra, ndax yoolub ëllëg ba la doon
séentu.
27 Ngëm la bàyyikoo Misra, te ragalul
sànjum buur, xanaa dogu rekk, mbete kuy
gis ki ñu manula teg bët.
28 Ngëm la Musaa aadaale màggalu bésub
Mucc ba ak wis-wisalub deret ja, ndax
malaakam bóomkat bi baña laal taawi
bànni Israayil.
29 Ngëm la bànni Israayil jàlle géeju Barax
ya, mu mel ni yoonu suuf su wow koŋŋ;
waa Misra jéema jàll topp ca, daldi lab.
30 Ngëm moo waral tatay Yeriko màbb,
gannaaw ba ko bànni Israayil wëree lu mat
juróom ñaari fan.
31 Ngëm moo tax ba Raxab gànc ba àndul
ak ñu gëmadi ña dee, li ko waral mooy dafa
dalal ci jàmm ñi doon yëddu réew ma.
32 Ana lu ma ciy tegati? Jot gee ko dul
mate, su ma naroona nettali mbirum
Sedeyoŋ ak Barag ak Samson ak Yefte ak
Daawuda ak Samiyel ak yonent yi.
33 Ñooñu ngëm lañu tege loxo ay nguur,
ngëm lañu doxale yoon, ci kaw ngëm la ay
dige sottee, ñeel leen, te ci lañu tëje
gémmiñi gaynde ya.
34 Ngëm lañu feye dooley sawara, ngëm
lañu rëcce ñawkay saamar, ngëm a waral
ñu weccikoo kàttan seenug néew doole, ci
kaw ngëm lañu doone ay ñeyi xare, ba dàq
gàngoori yeneen réew.
35 Ngëm a waral aw jigéen dekkile ñu ñu
deele woon; ngëm a waral ay góor ñu ñu
mitital, baña dellu gannaaw, weccikoo ko

† **11.18** Seetal ci *Njàlbéen ga* 21.12. ‡ **11.21** Seetal ci *Njàlbéen ga* 47.31.

seen njotug bakkan, ndax yaakaara dekki,
ba gëna dundati ëllëg.
36 Ngëm la ñeneen dékkoo ay kókkali aki
yar, ba ciy jéng ak tëjteb kaso.
37 Ñii, ñu dóor ay doj ba ñu dee, ñee, ñu
xeet leen ba xar leen ñaar, ñee, ñu bóome
leen saamar, ñii di wëndeelu, sol deri xar
mbaa bëy, te diy ndóol, ñu di leen
bunduxataal, di leen mitital.
38 Ñooñu àddina sax yeyoowu leen woon,
te ci àll yi lañu doon wëreelu, ak ci tund
yeek ci xunt yeek ci kàmb yi.
39 Mboolem ñooñu am jëw bu rafet ndax
seen ngëm, jotuñu sax lees dige woon,
40 ndax daa fekk Yàlla gisal nu demin wu
gën ci nun. Moo tax boroom ngëm yooyu
waruñu woona àgg ci tolluwaay bu mat
sëkk, te fekk nun dikkagunu ba bokk ko ak
ñoom.

# 12

## *Buleen xeeb yaru Boroom bi*

1 Kon nag gannaaw gii ndiiraanu seede
wu réy moo nu yéew, nanu sippiku
mboolem sëf bu nuy yeexal ak bàkkaar bu
nu yomba téqtal. Ñu daw nag xél wi ñu nu
waajalal, te baña yoqi.
2 Nanu ne jàkk Yeesu, kiy sos, di sottal
ngëm, moom mi mbég mi ñu ko waajalal
tax mu dékku bant ba ñu ko daaj, tegul
muy dara toroxtaange ja ko ca fekk, te
doxe ca toog ca ndijooru ngànguney Yàlla.
3 Xoolleen ci moom mi bàkkaarkat yi
doon xeex, bala ngeena yoqi bay xàddi.
4 Yeen kat xareeguleen ak bàkkaar, ba
seen deret tuuru ci.
5 Te it fàtte ngeen kàddu yii ñu leen ñaaxe,
ni nit aki doomam:
«Doom, bul xeeb yaru Boroom bi,
bul xàddi, bu la wañ̃ee,
6 ndax Boroom bi, ku mu sopp, yar la,
mooy bantal jépp doom ju ko neex[*].»
7 Muñleen coono bu leen di yar. Ni ay
doom la Yàlla di jëflanteek yeen. Ana doom
ju baay ba dul yar?
8 Bu ñu leen xañee yar bi jépp doom am
wàll, dafa fekk ngeen di doomi po, waaye
du ngeen doomi yoon.
9 Te itam am nanu ay baay ci wàllu deret,
ñoo nu daan yar, te danu leena wegoon.
Kon nag xanaa du Baay bi yorug noo lanu
wara gënatee nangul, ngir nu dund?
10 Sunuy baay a nu yar fan yu néew, na mu
jaadoo woon ci seenum xel. Waaye sunu
Baay bii, sunu njariñal bopp la nuy yare,
ngir nu séddu ci sellaayam.
11 Dëgg la, benn yarub tey neexul, xanaa
naqari. Waaye la yar bay mujj jural ña mu
tàggat, jàmm la ak njub.
12 Kon nag «dëgëralleen loxo yi toqi ak
óom yi bañ[†],»
13 te «ngeen xàllal seen bopp xàll yu jub
yu ngeen di jaare seeni tànk[‡],» ngir kuy
soox doxe ca wér te baña gëna tële.

## *Buleen tanqamlu Yàlla*

14 Sàkkuleen jàmm seen diggante ak ñépp,
te it sàkkuleen cellte, nde ku sellul du gis
Boroom bi.
15 Moytuleen balaa kenn di ñàkk yiwu
Yàlla. Moytuleen bala ab reenu wextan di
fëll, di lëjle, ba rax mbooloom lëmm.
16 Moytuleen bala kenn a yebu ci séy yi
yoon tere, mbaa mu teddadil lu sell, ba
mel ni Esawu mi weccee woon ag lekk,
céru taaw ba mu yelloo.
17 Xam ngeen ne gannaaw gi, ba mu
bëggee jot ca barke ba, dees koo gàntal.
Amul woon fenn fu mu jaare it ba
sopparñi deminam, te jéem na ko bay jooy.
18 Yeen kat du yeena agsi woon ba jege
tund wu ngeen mana laale seen loxo, muy
tàkk, ànd aki xàmbaar ak lëndëm gu ne
këruus ak ngelaw lu réy.
19 Du yeena dégg liit gu jib ak coowal
baat bu jib te ñay dégg kàddu ya di ñaan ñu
bañ leena dégtalati benn baat bu ni mel.
20 Manuñu woona xajoo ndigal la ne:
«Mala sax, su laalee tund wi, dóorleen koy
doj ba mu dee[§].»
21 Peeñu mooma moo raglu woon ba
Musaa ne: «Damaa tiit bay lox[*].»
22 Waaye yeen fi ngeen agsi moo di
tundu Siyoŋ, dëkku Yàlla jiy dund, te mooy
Yerusalem ga ca asamaan, yeena àgg fa
junniy junniy malaaka dajee di màggal;

[*] **12.6** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 3.11-12. [†] **12.12** Seetal ci *Esayi* 35.3. [‡] **12.13** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 4.26. [§] **12.20** Seetal ci *Mucc ga* 19.12-13. [*] **12.21** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 9.19.

[23] yeena àgg fa ndajem taaw ya seeni tur
binde fa asamaan. Yeena àgg fa Yàlla,
àttekatub ñépp; yeena àgg fa noowi aji jub
ña ñu matal sëkk.
[24] Yeena àgg fa Yeesu, rammukat bi dox
kóllëre gu yees gi. Yeena àgg fa deret jiy
setal tuuroo, te kàddug deret ja gëna neex
kàddug deretu Abel ga jiboon.
[25] Wattuleen bala ngeena tanqamlu kiy
wax ak yeen. Ndegam ña tanqamlu woon
ka yékkati woon kàddoom, wax ak ñoom ci
kaw suuf ñoo rëccul, aste nun ñii, su nu
dëddoo kiy waxe fa asamaan.
[26] Booba baatam la yëngale woon suuf,
waaye tey moo dige ne: «Beneen yoon,
maay yëngalati suuf, te du suuf doŋŋ,
waaye asamaan itam†.»
[27] Li mu ne «beneen yoon», di wund ne
lees mana yëngal lay dindi, te mooy li
sàkke, ngir lees manula yëngal sax ba fàww.
[28] Kon nag gannaaw nguur gu deesul
yëngal lanu jagoo, nanu dëkke cant, di
jaamu Yàlla ni mu ko bëgge, boole ci
wegeel akug ragal ko,
[29] ndax kat «sunu Yàlla, sawara wuy
xoyome la‡.»

# 13

## *Dundin wu rafet moo neex Yàlla*

[1] Cofeel gi war ci bokki gëmkat,
saxooleen ko.
[2] Buleen sàggane di terale, nde am na ñu
seen teraanga tax ñu fat ay malaaka te
xamuñu ko woon.
[3] Bàyyileen xel ñi ñu tëj, ni su ñu leen
boole woon ak ñoom tëj, ak itam ñi ñuy
mitital, ndax yeen itam, aw yaram ngeen
am.
[4] Na ñépp wormaal diggante bu ab séy
dox, te ab lalu séy na mucc sobe, ndax
fokati séy yi, ak njaalookat yi, Yàlla moo
leen di daan.
[5] Buleen jikkowoo bëggub xaalis;
doylooleen li ngeen am, ndax Yàlla moo
ne:
«Duma la bàyyi mukk,
duma la wacc mukk*.»
[6] Moo tax nu mana am fitu wax ne:
«Boroom beey sama ndimbal, duma tiit.
Ana lees ma manal†?»

[7] Fàttalikuleen seen njiit yi leen àgge
kàddug Yàlla. Nemmikuleen li seenug
dundin meññ, te ngeen roy seen ngëm.
[8] Yeesu Almasi bi, menn mii la woon
démb ak tey ba fàww, du soppiku.
[9] Buleen nangu ay àlluwa yu bare te
woroo ak sunu ngëm, di leen fàbbi. Li baax
mooy ngeen di yokke aw yiw seen
pastéefu xol. Buleen yokke pastéefu xol ay
ndigal yu jëm ci aw ñam, te ña koy sàmm,
jariñu leen dara.
[10] Sunu sarxalukaayu bopp la ñu cay
teg, ñay liggéeye ca xaymab jaamookaay
ba, sañuñu caa lekk.
[11] Ndax kat, jur ga sarxalkat bu mag ba
daan yóbbu seen deret ca néeg bu sella sell
ba, ngir njotlaayal bàkkaar, seen yaram
lees daan lakk ca bitib dal ba.
[12] Moo waral Yeesu itam deewe ca bitib
dëkk ba, ngir sellale askan wi deretu
boppam.
[13] Kon nag, nanu ko fekki ca bitib dal ba,
ba tegoo toroxtaangeem ga mu tegoo
woon,
[14] ndax amunu fii ci àddina dëkk bu sax
ba fàww, waaye dëkk biy ñëw, moom lanuy
sàkku.
[15] Kon nag saa su nekk, nanuy jaare ci
Yeesu, di génne sunu saraxu cant, ñeel
Yàlla, muy sarax su bawoo ci sunuw
làmmiñ, ñu di ko birale aw turam.
[16] Te it di def lu baax ak di dimbalee,
buleen ko fàtte, ndax sarax yu mel noonu
la Yàlla gërëm.
[17] Déggalleen seeni njiit te nangul leen,
ndax sàmm bakkani ñi ñu jiite mooy
seenub liggéey, te moom lees leen di laaj
ëllëg. Su ko defee ñu defe ko xol bu sedd, te
bañ koo def di binni, ndax loolu du seen
njariñ.
[18] Deeleen nu ñaanal nag. Li nu wóor de,
moo di sunum xel yeddu nu fenn, te it di
def lu baax ci lépp moo di sunu bëgg-bëgg.
[19] Ma di leen gëna tinooti, ngir ngeen
ñaanal nu, ba ma délsil ci yeen nu mu gëna
gaawe.
[20] Yàlla miy boroom jàmm, moom mi
dekkal sunu Sang Yeesu, sàmm bu mag bi,

† **12.26** Seetal ci *Ase* 2.6. ‡ **12.29** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 4.24. * **13.5** Seetal ci *Baamtug yoon wi* 31.6. † **13.6** Seetal ci *Taalifi cant* 118.6.

ci dooley deret ji mu fase kóllëre gu sax
dàkk,
21 yal na leen matal sëkk ci lépp lu baax,
ngir ngeen di jëfe coobareem. Yal na def ci
nun bànneexu boppam bu mu sottal ci
Yeesu Almasi bi daraja ñeel ba fàww.
Amiin.
22 Kon nag bokk yi, dëgg waay, muñleen
ma ñaaxe leen gii kàddu. Bañ naa ko ba
gàttal bataaxal bii ma leen bind.
23 Xamleen ne sunu mbokk Timote génn
na kaso. Su dikkee léegi, moom laay àndal,
seetsi leen.
24 Nuyulleen ma mboolem seeni njiit ak
mboolem gëmkat ñu sell ñi. Waa Itali ñu
ngi leen di nuyu.
25 Yal na aw yiw ànd ak yeen ñépp.

# Di ab bataaxalu Yanqóoba

Yanqóoba mi bind bataaxal bii, rakku Yeesu la woon (*Macë* 13.55). Njiit la ci mbooloom ñi gëm ñi nekk Yerusalem (*Jëf ya* 15.13; 21.18).

Ci bataaxal bii, Yanqóoba leeral na ne ngëm gu dëggu giy musal doom aadama, mooy ngëm gi ñuy wone ci déggal Yàlla, ciy jëf. Ngëm a tax Yàlla di baaxe nit àtteb ku jub, noonu nit day texe ci kaw ngëmam, du texe ci kawi jëfam. Waaye ngëm gu dëggu day wonewu ciy jëf.

Yanqóoba joxe na xalaat bu jëm ci xel mu rafet, maanaam dundin wu ànd ak seen ngëm. Xel mu rafet moomu, Yàlla moo ko maye, ngir ñu mana jànkoonteek ay xeeti nattu, te ñu mana jëflante ni mu gëna baaxe ci seen biir.

Ci tënk:


1.1-18 Yàllaa maye xel mu rafet ngir gëmkat bi muñ nattu.
1.19-27 Jëfeleen kàddug Yàlla gi, buleen ko déglu rekk.
2.1-13 Buleen gënaatle.
2.14-26 Ngëm gu wóor day ànd ak jëf.
3.1-18 Moom sa làmmiñ cig màndu la bokk.
4.1—5.6 Nanguleen Yàlla, bañal Seytaane.
5.7-20 Muñleen, ñaanalanteleen, ba Boroom bi délsi.


### *Ubbite gi*

1 Ci man Yanqóoba, jaamub Yàlla ak Sang Yeesu Almasi bi, la bataaxal bii bawoo, ñeel fukki giir ak ñaar yi tasaaroo ci àddina. Maa ngi leen di nuyu.

### *Lu jëm ci nattu ak ngëm*

2 Bokk yi, bu ngeen jaaree ci mboolem xeeti nattu, jàppeleen ko mbég mu mat sëkk,
3 te xam ne bu seen ngëm nattoo, ñeme coono la leen di jural.
4 Na ag ñeme coono sottal liggéeyam ci yeen, ngir ngeen sotti, mat sëkk, te baña yéese fenn.
5 Ku desele am xel mu rafet nag, na ko ñaan Yàlla, mu may ko ko, ndax Yàlla mooy yéwéne ñépp te du sikk kenn.
6 Waaye ngëm la koy ñaane te bumu ci am benn sikki-sàkka, ndax kiy sikki-sàkka daa mel ni gannaxu géej bu ngelaw liy yóbbu, di ko lëmbaaje.
7 Kooku bumu yaakaar dara ci Boroom bi.
8 Boroom xel ñaar la, xel maa toogul ci lenn lu muy def.

### *Néewle kawe, barele suufe*

9 Mbokkum gëmkat mi suufe daraja, na sagoo ab kawewaayam ci ni ko Yàlla yékkatee;
10 te ki barele it na sagoo ci ni ko Yàlla suufeelee, ndax ni tóor-tóoru saxyaay di ruuse, noonu lay wéye.
11 Naka la jant di fenk, ba naaj wi tàng jérr, saxyaay lax, tóor-tóoram ruus, taar ba réer ko mërr. Noonu itam la ki barele di jeexlee ci biiri yëngoom.

### *Yàllaay nattoo waaye du fiir kenn*

12 Ndokkalee ku muñ ab nattu, nde su ca amee ngërëm, mooy yooloo kaalag texe gi Yàlla dig ñi ko sopp.
13 Képp ku dajeek lu koy xiirtal, bumu ne: «Yàllaa ma xiirtal,» ndax maneesula xiirtal Yàlla ci lu bon, te moom ci boppam du xiirtal kenn.
14 Waaye ku nekk, sa xemmemtéefu bakkanu bopp moo lay xiirtal, ootal la ba nax la.
15 Te xemmemtéefu bakkan bu ëmbee, bàkkaar lay wasin, te bàkkaar bu matee, dee lay jur.
16 Bokk yi, soppe yi, buleen juum ci lii:
17 gépp may gu baax ak bépp jagle bu mat, fa kaw la bawoo, di lu wàcce fa Baay biy boroom leer yi, ki soppikuwul ci lenn, te genn ker gu toogadi nekkul ci moom.
18 Moom la soob mu jur nu ci kàddug dëgg gi, ba nu taxawe saraxu ndoortel meññeef, ci biiri bindeefam.

### *Jëfeleen kàddug Yàlla*

19 Bokk yi, soppe yi, nangeen xam lii: na ku nekk di gaaw ci déglu, di yeexa wax tey yeexa mer.
20 Ndax merum nit du jur njub fa Yàlla.

21 Kon nag baleen jépp jikko ju tilim ak
mboolem xeeti mbon yi ne gàññ, te ngeen
nangu, ci biir ag woyof, kàddu gi Yàlla xasa
jëmbat ci yeen te mu man leena musal.
22 Doonleen jëfekati kàddu gi, buleen di
ay déglukat doŋŋ, di nax seen bopp.
23 Ndax kat kuy déglu kàddu gi te jëfewoo
ko, kooku daa mel ni kuy niir kanamam
cib seetu:
24 bu niiree boppam, dem daldi fàtte ca
saa sa lu muy nirool.
25 Waaye ki ne jàkk yoon wu mat sëkk
wiy goreel ku ko topp, saxoo yoon wi te
bañ koo dégg, fàtte, xanaa di dégg, jëfe,
kooku mooy bége jëfam.
26 Ku yaakaar ne am na diine te moomul
làmmiñam, boppam lay nax te diineem
amul njariñ.
27 Diine gu set te mucc sikk fa kanam
Yàlla Baay bi moo di lii: di nemmiku jirim
akub jëtun ci seen njàqare, tey sàmm
boppam, ba mucc ci gàkki àddina.

# 2

## *Gënaatle warul*

1 Bokk yi, bu leen di gënaatle te di gëmkati
sunu Sang Yeesu Almasi bi, Boroom leer.
2 Ndax su nit duggsee seenum ndaje,
takk jaarob wurus, solu ba jekk; ku néew
doole it duggsi, limboo ay sagar,
3 su ngeen seetloo boroom col gu jekk gi,
ne ko: «Toogeel fii, moo baax ci yaw,» te ne
néew-ji-doole ji: «Yaw, taxaweel nee, mbaa
nga toog fii ci suuf, ci samay tànk,»
4 su boobaa xanaa du yeena ngi gënaatle
ci seen biir, tey àttee ay mébét yu bon?
5 Bokk yi, soppe yi, dégluleen. Xanaa du
Yàlla moo tànn ñi àddina jàppe ñu néew
doole, ngir ñu barele ngëm, boole ci jagoo
nguur gi Yàlla dig ñi ko sopp?
6 Yeen nag ngeen di teddadil néew doole
yi! Xanaa du boroom alal yi ñoo leen di
noggatu, di leen diri ba fa mbaxana dee
benn?
7 Xanaa du ñooñu ñooy ñàkke kersa tur
wu tedd wi ngeen di wuyoo?
8 Ndegam nag yoonu Buur Yàlla ngeen
matal sëkk, di sàmmonteek Mbind mi ne:
«Ni ngeen soppe seen bopp, nangeen ko
soppe seen moroom*,» su boobaa
waawleen góor!
9 Waaye su ngeen gënaatlee, bàkkaar
ngeen, te yoon topp na leen, ndax yeena
ko xëtt.
10 Ndax kat képp ku sàmm yoon wépp, ba
mu des lenn ndigal doŋŋ lu mu tërëfe, ab
daan bu ñu teg ci ku moy yoon wépp, ñeel
na ko.
11 Ndax ki ne: «Bul njaaloo,» moo ne
itam: «Bul bóom†.» Ku njaaloowul te bóom
nag, xëtt na yoon.
12 Deeleen waxe tey jëfe ni mu jekke ci
nit ñu ñuy séddeji àtteb yoon wiy goreel.
13 Daan bu àndul ak yërmande, moom
lees di àttee ña daawul jëfe yërmande.
Yërmande nag kekku na ab daan.

## *Gëm, jëfe*

14 Bokk yi, ku ne gëm na, te jëfewu ko,
ana lu mu koy jariñ? Ndax googu ngëm
man na koo musal?
15 Su mbokk mu góor mbaa jigéen raflee,
mbaa mu ñàkk lu mu dunde bés bu nekk,
16 ba kenn ci yeen ne mbokk mi: «Demal
ak jàmm, solul nag te lekk ba regg,» te fajul
aajoom, loolu lu muy jariñ?
17 Noonu la ngëm deme, su amul jëf ju
mu àndal, ngëm gu dee la.
18 Waaye jombul nit ne: «Yaw, ngëm nga
am, waaye man, jëf laa am.» Dama ne,
won ma sa ngëm gu àndul ak jëf; man,
samay jëf laa lay wone sama ngëm.
19 Yaa gëm ne Yàlla kenn la; waaw góor,
waaye rab yi it loolu lañu gëm bay lox.
20 Yaa ñàkk bopp, ndax dangaa bëgg lu la
firndeel ne ngëm gu àndul ak jëf amul
njariñ?
21 Sunu maam Ibraayma, xanaa du ci jëf
lees ko baaxe àtteb ku jub, ndax jëf ja mu
joxee doomam Isaaxa ca sarxalukaay ba?
22 Kon gis nga ne ngëmam ga ak jëfam ja
ñoo ànd di liggéey, te ca jëf ja la ngëm ga
mate sëkk.
23 Mbind ma daldi sotti, na mu dikke
woon ne: «Ibraayma moo gëm Yàlla, Yàlla
nangul ko ngëmam, muy àtteb njub bu ñu
ko limal‡,» ba ñu di ko woowe xaritu Yàlla.

* **2.8** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.18. † **2.11** Seetal ci *Mucc ga* 20.13-14. ‡ **2.23** Seetal ci *Njàlbéen ga* 15.6.

24 Ngeen gis kon ne ci jëf lees di baaxe nit àtteb ku jub, waaye du ci kaw ngëm doŋŋ.

25 Xanaa du noonu it lañu baaxe Raxab§ gànc ba àtteb ku jub, ci kaw jëfam, ndax la mu dalaloon ndawi Yawut ya, ba awale leen feneen?

26 Yaram wu àndul akug noo daal, ni mu deewe, noonu la ngëm gu àndul aki jëf deewe.

# 3

## *Moom sa làmmiñ cig mat la bokk*

1 Bokk yi, bu ñu bare ci yeen wuta doon jàngalekatu mbooloom gëmkat mi, ndax xam ngeen ne nun ñiy jàngale nooy gëna metti ab àtte.

2 Bare na lu nuy tooñ, nun ñépp. Ku dul tooñ ci kàddu nag, kooku nit ku mat la, te man naa moom yaramam wépp, boole ci.

3 Aw fas, ŋalaab gi nuy def ci gémmiñam, mu déggal nu lanu ci jublu, te moom lanuy walbatee yaramu fas wi wépp.

4 Xoolleen gaal yi it, ak li ñuy réy lépp, ak ngelaw lu réy lu leen mana jañax, weñ su tuut la dawalkat biy walbatee gaal gi, jëme ko fu ko neex.

5 Noonu itam la aw làmmiñ dee cér su tuut te réy aw bàkk.

Seetleen ni ferñent su tuut di lakke gott bu yaa.

6 Aw làmmiñ itam sawara la; làmmiñ a bokk ci sunuy cér, te di àddinay mbon, di gàkkal jëmm jépp. Aw làmmiñ, giiru dundu nit ki lay jafale ab taal bu tàkke fa sawara.

7 Mboolem xeeti rabi àll yeek njanaaw yi ak ndëgmeent yi ak rabi géej yi, dees na leen tàggat, te nit a leen di tàggat ba ñu mokk.

8 Waaye aw làmmiñ, kenn manu koo tàggat ba mu mokk. Mooy aayteef gu kenn manula dànk, fees dell ak tookey dee.

9 Aw làmmiñ lanuy sante kiy Boroom bi, di Baay, te it ci lanuy móoloo nit ñi bindoo takkndeeru Yàlla.

10 Genn gémmiñ gi, ci la kàddug cant ak gu móolu di jibe. Bokk yi, warula deme noonu kat.

11 Benn bëtu ndox ndax dina ballandoo ndox mu neex ak ndox mu wex, ci menn pax mi?

12 Bokk yi, ndax ag figg man naa meññ oliw? Am ag reseñ dina meññ doomi figg? Bëtu ndoxum xorom it du nàcc mukk ndox mu neex.

13 Ana ci yeen ku rafet xel te xam àddina? Na ko firndeele dundin wu rafet wu feeñ ci jëfam ju teey ndax xel mu rafet.

14 Waaye ku denc ci sab xol wextanu kañaan ak mébétum sàkku sa darajay bopp, bul damoo xel mu rafet, nde kon nga moy dëgg.

15 Moomu xel jógewul fa kaw, ci àddina sii la bokk, di yëfi bakkan, te di mbiri Seytaane.

16 Ndax kañaan ak sàkku sa darajay bopp, fu mu ame, fa la salfaañoo di ame ak mboolem jëfi ñaawtéef.

17 Waaye xel mu rafet ma bawoo fa kaw, set la njëkka def, teg ci ànd ak jàmm akug dal. Day taxa neexa jubool, fees ak yërmande, di meññ jëf ju baax, te mucc ci par-parloo akug jinigal.

18 Meññeefum njub nag, ci jàmm lees koy ji, ci biir doxkati jàmm yi.

# 4

## *Nangulleen Yàlla*

1 Ana fu jote yeek xuloo yi ci seen biir jóge fu moy seen bànneexi bakkan yiy xare ci seen yaram?

2 Yeenay xemmem lu ngeen dul am. Yeenay bóome, di iñaane lu ñeneen am, te manuleen koo am. Yeenay xuloo aka jàppante. Dungeen am, ndax yeena ñaanul.

3 Te su ngeen ñaanee, dungeen am, ndax mébét mu bon ma ngeen ñaane, ngir am lu ngeen toppe seen bakkan.

4 Bokkaalekat yi ngeen doon! Xanaa xamuleen ne xaritoo ak àddina moo di noonoo ak Yàlla? Kon nag ku namma def àddina ab xarit, ab noonu Yàlla ngay doon.

5 Am defe ngeen ne ag neen la Mbind mi indee ne: «Xemmemtéef gu ànd ak fiiraange la Yàlla am ci noo gi dëkk ci nun.»

6 Waaye yiw wu gënatee baawaan la maye. Moom la Mbind mi ne:

§ **2.25** Seetal ci *Yosuwe* 2.1-21. * **4.6** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 3.34.

«Yàlla, ñi réy lay xeex,
ñi toroxlu, mu may leen aw yiw*.»
7 Kon nag nangulleen Yàlla, te bañal
Seytaane, mu daw, ba sore leen.
8 Jegeleen Yàlla, mu jege leen. Yeen
bàkkaarkat yi, raxasleen seeni loxo, yeen
ŋaralekat yi laa ne, setalleen seen xol.
9 Tiisluleen te ñaawlu bay jooy. Na seeni
ree soppiku ay jooy, seen mbég doon
njàqare.
10 Toroxluleen fi kanam Boroom bi, mu
yékkati leen.

*Buleen sikkal kenn*

11 Bokk yi, buleen ŋàññante. Ku ŋàññ sa
mbokk mbaa nga sikkal sa mbokk, yoon
wi nga ŋàññ, yoon wi nga sikkal. Ku
sikkal yoon wi nag doo sàmmkatub yoon
wi, sikkalkatub yoon wi nga.
12 Boroom yoon wi, kenn doŋŋ la, te
mooy àtte; moo mana musle, mbaa mu
sànke. Te yaw miy sikkal sa mbokkum
gëmkat sax, yaay kan?

*Ëllëg, ëllëgu Yàllaa*

13 Kaayleen nag ma wax leen, yeen ñi
naan: «Tey mbaa ëllëg ma dem ba dëkk
sàngam, def fa at, julaa fa ba tonu.»
14 Yeen xanaa xamuleen sax lu ëllëg di
doon? Ana luy seen bakkan? Yeen ngeen
di as lay suy feeñ léegi, nes tuut mu ne
mes!
15 Li ngeen di wax kay moo di: «Bu
soobee Boroom bi, dinanu dund ba def
nàngam sii mbaa nàngam see.»
16 Léegi daal dangeena bew bay damoo
seeni mébét! Googu damu de, lu bon la.
17 Ku xam lu baax loo wara def te defoo
ko nag, bàkkaar nga.

# 5

*Boroom alal bumu tooñ néew-ji-doole*

1 Kaayleen nag ma wax leen, yeen
boroom alal yi, jooyleen te yuuxu, ndax
mitit yi leen di dikkal.
2 Seen alal nëb na, seeni yére maxe,
3 seen wurus ak seen xaalis xomaag.
Xomaag ja dib seede bu leen tuumaal, di
xoyom seenu suux ni sawara. Yeena
dajale alal ca fan yu mujj ya.
4 Dégluleen! Peyoor ga ngeen xañ ña gub
seen tool, mooy yuuxu noonu. Jàmbati
góobkat ya tàbbi na ca noppi Boroom
gàngoori xare yi.
5 Dund gu nooy ak bànneexu bakkan
daal ngeen nekke ci kaw suuf, di yaflu ci
bésub rendi.
6 Yeena daan ba reylu aji jub, te jéemula
bañ.

*Muñ war na gëmkatub Almasi bi*

7 Kon nag bokk yi, muñleen, ba Boroom
bi délsi. Seetleen ci beykat biy séentu
njariñal meññeef mu jóge fi suuf si. Ma
ngay muñ, céebo ba bët wàcc.
8 Yeen itam muñleen te takk seenu fit,
ndax bés ba Boroom biy dikk dëgmal na.
9 Bokk yi, buleen di ñaxtoonte, lu ko moy
dees na leen daan, te daan-kat baa ngii
taxaw ci bunt bi!
10 Bokk yi, yonent yi wax ci turu
Boroom bi, di dékku aw tiis ak di muñ,
defleen leen seeni royukaay.
11 Xam ngeen ne ñi muñ lanu foog ne
ñoom la mbég ñeel. Dégg ngeen na Ayóoba
muñe woon, ak muj ga ko Boroom bi
jagleel, ndax Boroom bi moo bare
yërmande akug ñeewante.
12 Li ci raw nag bokk yi, moo di buleen
giñ, bu muy ci asamaan mbaa ci suuf
mbaa ci leneen lu mu mana doon. Na seen
waaw di waaw, seen déet di déet, bala
ngeena tàbbi ci mbugal.

*Ñaan gu ngëm lal day dal*

13 Ana ci yeen ku nekk ciw tiis? Na ñaan.
Ana ku ci am mbég? Na sàbbaal.
14 Ana ku wopp ci yeen? Na woo magi
mbooloom gëmkat ñi, ñu ñaanal ko,
raayaale ko ag diw ci turu Boroom bi.
15 Ñaan gu ànd ak ngëm day musal ki
wopp, ba Boroom bi yékkati ko. Su dee daa
bàkkaar, dees na ko jéggal.
16 Kon nag tuddanteleen seeni bàkkaar
tey ñaanalante, ndax ngeen wér. Aji jub ji,
ag ñaanam, day dal ak doole.
17 Ilyaas nit la woon ku bindoo ni nun,
waaye ba mu saxee ci ñaan ngir mu baña
taw, ndox laalul suuf diiru ñetti at ak
genn-wàll.

* 5.18 Seetal ci *1.Buur ya* 17.1; 18.1, 42-45.

18 Mu dellu ñaan, asamaan taw, suuf
meññ meññeefam*.
19 Bokk yi, su amee ci yeen ku moy
yoonu dëgg, keneen ku ko waññi,
20 xamleen ne ku waññ bàkkaarkat ci
yoonu sànkuteem, musal na ko bakkanam,
te faral na ko bàkkaar yu bare.

# 1.Piyeer
## muy bataaxal bu njëkk bi Piyeer bind

Piyeer mi bind bataaxal bii, bokk na ci taalibe yi njëkk topp Yeesu. Mu ngi jëmale bataaxal bi ci gëmkat yi nekk ci diiwaan yi bokk ci réew mi ñuy wax Tirki tey. Dañoo nekk ci njàqare ndax li leen nit ñi di baatale, di leen fitnaal ndax seen ngëm ci Almasi bi. Piyeer mu ngi leen di ñaax ngir ñu déggal Yàlla, nangul njiit yi, te amlante ni mu gëna rafete ci seen biir njaboot, tey roy Yeesu mi daj coono lu metti ci lu dul dëgg. Seeni nattu dina dëgëral seen ngëm, te jox leen daraja bu Almasi bi délsee.
Ci tënk:
- 1.1-12 Yaakaar juy dund lanu am ci Almasi bi.
- 1.13—2.17 Nanu sell ci sunu kemtalaayu jëfin.
- 2.18-25 Nanu muñ coono, roye ko Almasi bi.
- 3.1—4.19 Nanu dund dundin wu rafet ci kanamu ñi leen sonal.
- 5.1-11 Na mag ñi sàmm mbooloo mi, ni ko Yàlla bëgge.
- 5.12-14 Piyeer tàggatoo na.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Piyeer, ndawal Yeesu Almasi bi
la bataaxal bii bawoo, ñeel askan wi Yàlla
tànn, te ñu toxuji diiwaani Pont ak Galasi
ak Kapados ak Asi ak Bitini*.
2 Yeen la Yàlla Baay bi ràññee lu jiitu, ci
ni mu leen sellale Noo gu Sell gi, ngir
ngeen mana déggal Yeesu Almasi bi, boole
ci tooyloo deretam, mu setal leen. Na aw
yiw ak jàmm juy baawaan ñeel leen.

### *Yaakaar juy dund lanu am ci Almasi bi*

3 Cant ñeel na Yàlla, sunu Baayu Sang
Yeesu Almasi bi! Moo nu judduwaatal ci
yërmandeem ju yaa, ci dooley ndekkitel
Yeesu Almasi bi, ngir may nu yaakaar juy
dund.
4 Loolu moo am ngir ab cér bu dul yàqu,
du sobewu, du seey, cér bu dence fa
asamaan ñeel leen,
5 yeen ñi seen ngëm tax ngeen yiiru ci
manoorey Yàlla, mi leen di nége mucc ga
mu waajal te di ko feeñal ca bés bu mujj
ba.
6 Loolu bégeleen koo bége, doonte tey
ñàkkul ngeen nekke njàqare ab diir, ndax
ay nattuy nattu.
7 Yooyu nattu, ni sawara di natte wurus,
ni lay natte seen dëggutey ngëm, te ngëm a
gën wurus fuuf, nde wurus day jeex. Su ko
defee seen ngëm gu dëggu jural leen ag
cant ak daraja ak teraanga, bés bu Yeesu
Almasi bi feeñee.
8 Moom mooy ki ngeen gisul te sopp ko.
Tey fi tey gisuleen ko, waaye gëm ngeen
ko, ba tax leena bég lool, mbég mu màgg
mu làmmiñ manula tudd,
9 ndax yeena ngi jot ci yool bi ngëm di
yóotu, te mooy texe.
10 Googu texe, yonent ya jottali woon
waxyub seen yiw wi leen dikkal, niir nañu
ko, càmbar ko.
11 Gëstu nañu jan jamono ak yan
xew-xew la Noowug Almasi gu Sell ga
nekkoon ci ñoom tegtale woon. Mooy ba
Noo gay seede lu jiitu coonoy Almasi bi ak
ndam ya cay topp.
12 Yonent yooyu, xamalees na leen ne du
seen njariñal bopp lañuy liggéeyal xibaar
boobu, xanaa yeen. Ñi leen àgge xibaar bi
tey jii, ñoo di ñiy waare xibaaru jàmm bi, ci
dooley Noo gu Sell gi ñu yebale asamaan,
te muy mbir mu malaaka yi sax bëggoon
nañoo nemmiku.

### *Sellal moo war*

13 Kon nag teewlooleen seen xel, te ànd
ak seen sago, te ngeen wékk seen jépp
yaakaar ci yiw wa ñu leen di dikke kera bu
Yeesu Almasi bi feeñee.
14 Gannaaw gone yu dégg ndigal ngeen,
buleen toppati seen xemmemtéefi bakkan
ya woon, ba ngeen xamulee.
15 Waaye ni ki leen woo selle, yeen itam
nangeen selle noonu ci seen mboolem
jëfin.

* **1.1** Dafa mel ni, ñi gëm Almasi bi ci bànni Israayil la wax, te ñu dëkk ci diiwaan yooyu. Juróomi diiwaan yooyu yépp, réew mi ñuy wax Tirki tey, ci lañu bokkoon. † **1.16** Seetal ci *Sarxalkat yi* 19.2.

16 Ndax kat bindees na ne: «Ñu sell
ngeen wara doon, ndax man Ku sell laa†.»
17 Gannaaw nag kiy àtte nit ku nekk ci
ay jëfam te amu ci xejj ak seen, Baay ngeen
koy wax, sàllooleen koo ragal, seen diirub
ngan ci kaw suuf.
18 Xam ngeen ne yëf yuy wéy yu mel ni
xaalis mbaa wurus, du moom lees leen
jote ci seen dundinu neen wa ngeen
donne ca seeni maam,
19 waaye seenug njot moo di deretu
Almasi ju jafe ji taxawe deretu xar mu
sikkul, gàkkul.
20 Bu yàgg, ba àddina sosoogul la Yàlla
tuddaloon Almasi bi loolu, waaye léegi ci
mujug jamono jii la ko Yàlla feeñal ngir
yeen
21 ñi Almasi bi tax ngeen gëm Yàlla. Te
Yàllaa ko dekkal, may ko ndam, ba tax Yàlla
di ki ngeen gëm, yaakaar ko.
22 Kon nag gannaaw setal ngeen seen
xol, ndax dëgg gi ngeen déggal, ba tax
ngeen am cofeel gu mucc jinigal ci bokki
gëmkat ñi, nangeen soppantee xol bu set,
cofeel gu mat sëkk.
23 Ndax kat dangeena judduwaat, te
jiwu wi ngeen judduwaate mooy kàddug
Yàlla giy dund te sax dàkk; du jiwu wuy
yàqu, waaye mooy jiwu wu dul yàqu mukk.
24 Ndax bindees na ne:
«Nit am ñax doŋŋ la;
mboolem darajaam mel ni tóor-tóoru àll,
ñax ma wow, tóor-tóor ma ruus.
25 Waaye kàddug Boroom bi mooy sax ba
fàww‡.»
Kàddu googu moo di xibaaru jàmm bi ñu
leen àgge.

# 2

## *Almasi bi mooy doju tabax bi*

1 Kon nag baleen mboolem xeetu mbon
ak mboolem njublaŋ ak jinigal ak kiñaan
ak mboolem xeetu yàq der.
2 Ni liir buy doora juddu yàkkamtee
nàmpe, ni ngeen wara yàkkamtee nàmp
soow mu set miy kàddug Yàlla. Mooy tax
ngeen màgg ci seen dundug texe,
3 gannaaw mos ngeen ci mbaaxug Sang
bi.
4 Dikkleen ci moom, mooy doj wuy
dund. Nit ñee ko beddi moos, waaye Yàllaa
ko fal, fonk ko.
5 Te yeen itam yeen ay doji cëslaay yuy
dund, doj yi Noo gu Sell gi tabaxe ag kër
Yàlla, ñeel liggéeyu carxal gu sell, ngir
ngeen di ko jébbal ay sarax yu Noo gi
rafetlu, sarax yu Yàlla nangu ndax Yeesu
Almasi bi.
6 Moo waral lii dikk ci Mbind mi:
«Maa ngii di dëj fi Siyoŋ, aw doju koñu
tabax,
muy doju tànnéef wu gànjare.
Wii doj, ku ko wéeroo, doo rus mukk*.»
7 Kon nag yeen ñi gëm, yeen la gànjar gi
ñeel. Waaye ci ñi gëmul, nag:
«Moo di doj wi tabaxkat yi beddi woon,
te mu mujj di doju koñu tabax bi†.»
8 Te it:
«Mooy doj wuy fakkastale,
di xeer wuy daaneel‡.»
Ñoo ko fakkastaloo nde ñoo gëmul kàddu gi,
te it loolu la leen dogal ba séddoon.
9 Waaye yeen nag yeenay giir giy
tànnéef, yeenay sarxalkati buur, yeenay
askan wu sell, yeenay xeet wi ñu jot, ngir
ngeen biral jaloore yu wéet yi ñeel ki leen
woo, génnee leen cig lëndëm, indi leen ci
leeram gu yéeme.
10 Yeen ñi dul woon sax aw xeet, démb,
tey yeenay xeet wi Yàlla ñoñoo§;
dajaguleen woon yërmande, waaye tey daj
ngeen yërmande.

## *Li mooy wàllu gëmkatu Almasi bi ci àddina*

11 Soppe yi, ay gan ngeen, ay doxandéem
ci kaw suuf. Kon nag li ma leen di dénk
moo di ngeen moyu xemmemtéefi bakkan
yiy xeex ak ab xol.
12 Seen dundin ci biir jàmbur ñi gëmul,
rafetalleen ko, ba su ñu leen waxaloon ne
ay defkati lu bon ngeen itam, seen jëf ju
rafet lañuy gis, te moom lañuy sàbbaale
Yàlla, kera bésub dikkam.

## *Déggalleen njiit yi*

13 Nangulleen gépp kilifteef gu tege ci
àddina ngir Boroom bi; muy buur bu mag
bi gëna kawe,

‡ **1.25** Seetal ci *Esayi* 40.6, 8. * **2.6** Seetal ci *Esayi* 28.16. † **2.7** Seetal ci *Taalifi cant* 118.22. ‡ **2.8** Seetal ci *Esayi* 8.14. § **2.10** Seetal ci *Ose* 1.6, 9; 2.25.

14 mbaa boroom dëkk yi diy ndawam, te
mu tabb leen, ngir ñu mbugal ñiy def lu
bon, te sargal ñiy def lu baax.
15 Ndax coobarey Yàlla kat moo di ngeen
di def lu baax, ba wedamal nit ñu ñàkk
bopp ñi xamul dara.
16 Ay gor ngeen, waaye jaami Yàlla
ngeen. Kon buleen taafantaloo li ngeen
diy gor, ba def lu bon.
17 Ñépp nag ngeen di teral; mbooloom
gëmkat ñi, soppleen leen; Yàlla, ragalleen
ko; te buur, teral leen ko.

### *Nanu muñ coono, roye ko Almasi bi*

18 Yeen jaam yi, nangulleen te weg
wegeel gu mat sëkk seeni sang, te du sang
yi baax te lewet doŋŋ, waaye ñu wex ñi
itam ci lañu.
19 Ndax nit ki su séddee Yàlla ab cér, ba
tax mu muñ tiis ak coono bu ko yoon
tegul, loolu aw yiw la.
20 Muñ ay dóor yu la fekk ci tooñ, ana lu
ciy ndam? Waaye soo muñee coono boo
daj ngir lu baax loo def, loolu de aw yiw la
fa kanam Yàlla.
21 Ci loolu sax lañu leen woo, ndax
Almasi bi itam sonn na ngir yeen, te moo
leen bàyyeel ab royukaay, ngir ngeen jaar
ciy tànkam.
22 «Moo bàkkaarul, fenul*.»
23 Saaga nañu ko te feyuwul, daj na coono
te tëkkoowul, waaye boppam la dénk kiy
àtte dëgg.
24 «Moom ci boppam moo gàddu sunuy
bàkkaar,» moo ko tegoo ci yaramu boppam
ca bant ba, ngir nu deewal bàkkaar te
dundal njub; «moom mooy ki ngeen wére
ci ay góomam†.»
25 «Yeena réeroon niy xar‡,» waaye délsi
ngeen tey ci seenub sàmm, seen
wattukatub xol.

## 3

### *Jëkkër sang la, jabar di nawle*

1 Naka noonu yeen jigéen ñi, nangulleen
seen jëkkër, ngir jëkkër ju ci nanguwula
gëm kàddu gi it, mana gindiku te seen wax
yeen, du ci am yoon, ngir na ngeen di jëfe,
2 ndax day xool ci yeen ak seenug sellal
gu ànd ak wegeel.
3 Seen gànjar bumu doon gànjaru biti bu
yem ci ay létt yu rafet ak takkaayi wurus
ak yére yu yànj,
4 waaye nay lu làqoo jëmmu biir, nay
gànjar gu dul jeex, te mooy lewetaay akug
teey, ndax looloo réy njarte fa Yàlla.
5 Bu njëkkoon loolu moo doon gànjaru
jigéen ñu sell ña yaakaaroon Yàlla te
nangul seen jëkkër,
6 noonu Saarata déggale woon Ibraayma,
naan ko «Sang bi». Yeen jigéen ñi nag,
yeenay doomi Saarata, li feek yeena ngi
def lu baax te bañ cee ragal ku leen xupp.
7 Naka noonu yeen góor ñi, bàyyileen xel
ni ngeen dëkke ak seeni jabar, tey sóoraale
néew dooley jigéen. Séddleen leen
teraangay nawle, gannaaw yeena bokk
wenn yiw wi leen may ngeen dund dëgg.
Su ko defee dara du gàllankoor seeni ñaan.

### *Soppanteleen te saxoo baax*

8 Li may tënke nag moo di yeen ñépp,
ngeen mànkoo, yégante, bëggante ni mu
ware ay bokki gëmkat, baaxeenteleen te
woyof.
9 Lu bon, buleen ko feye lu bon; ay saaga
it, buleen ko feye ay saaga. Xanaa ngeen
ñaanal leen, feye leen ko, ndax ci loolu lees
leen woo, ngir ngeen jagoo barke.
10 Ndax kat:
«Ku bëgg dundam neex,
bëgga fekke bés bu rafet,
na làmmiñam daw lu aay,
dawi fen.
11 Na daggook lu bon, tey def lu baax,
sàkku jàmm, saxoo ko.
12 Ndax ay gët la Boroom bi ne jàkk aji jub
ñi,
te ay noppam la dékk seeni ñaan,
waaye Boroom beey won gannaaw ñiy def
lu bon*.»

### *Na seenug njub waral seen coono*

13 Te it su ngeen dee ñu njaxlaf ci def lu
baax, ana ku leen di def lu bon?
14 Te sax su ngeen doon jànkoonteeki
coono ndax seenug njub, ndokkalee yeen.

* **2.22** Seetal ci *Esayi* 53.9. † **2.24** Seetal ci *Esayi* 53.4, 5. ‡ **2.25** Seetal ci *Esayi* 53.6. * **3.12** Seetal ci *Taalifi cant* 34.12-16. † **3.14** Seetal ci *Esayi* 8.12.

«Buleen am jenn tiitaange ci seeni xuppe,
te buleen jaaxle†.»
15 Waaye Sang Almasi bi ngeen di sellal
ci seen xol, te waajal nu ngeen di tontoo
ku leen laaj lu jëm ci yaakaar ji ngeen am.
16 Waaye nay tont lu rafet te ànd akub
yar. Saxooleen di jëfe li dalal seenum xel,
ba mbir ma ñu leen di baatale, ñooñuy
ŋàññ seen dundin wu rafet wi leen Almasi
bi manloo, gàcce rekk lañuy jële ca mbir
ma ñu leen di baatale.
17 Coono yu la jëf ju baax yóbbe kat,
ndegam da di coobarey Yàlla, moo gën
coono yu la jëf ju bon yóbbe.
18 Almasi bi itam benn yoon la daj
coono ndax bàkkaari nit ñi, moom miy ki
jub moo leen ko defal yeen ñi jubadi, ngir
yóbbu leen fa Yàlla; moom lañu rey yaramu
suuxam, waaye moo dundaat ci dooley
Noo gu Sell gi.
19 Ci dooley Noo googu la deme ba waari
mbindeef ya tëje‡,
20 ñooña gëmadi woon bu yàgg, jant ya
Yàllay muñ, di négandiku, te Nóoyin di yatt
gaal ga. Lim bu néew, juróom ñett ña ca
duggoon, mucce ca ndox ma.
21 Fi ñu leen jaarale, ci mbënn ma, moo
di misaalub sóobu gi leen musal tey§; du
sóobu guy dindi tërub yaram, waaye moom
ngeen di wuyoo wooteb Yàlla ci xel mu
dal, te li leen di musal mooy ndekkitel
Yeesu Almasi
22 bi yéeg asamaan, toog fa ndijooru
Yàlla, ki malaaka yeek boroom sañ-sañ
yeek boroom doole yi bokk nekk cig
curgaam.

# 4

## *Nekkalleen Yàlla*

1 Gannaaw Almasi bi nag moo daj
coonob yaramam, yeen itam
gànnaayooleen boobu yéene, ndaxte ku daj
coonob yaram, tàggoo naak bàkkaar,
2 ngir bañatee topp xemmemtéefi
bakkan, xanaa di topp coobarey Yàlla, diir
bi ko dese ci kaw suuf.
3 Ndax démb kat yàgg ngeena def
coobarey xeet yi xamul Yàlla, ci ay
ñaawtéef ak topp seen bakkan. Dangeen
daa màndi aka dem xawaare yu ànd ak
moy, dëkke naan biiñ, di jaamu tuur yu
seexluwu, waaye na fi yem nag.
4 Ña ngeen ci daa àndal ñoo waaru tey,
ba di leen sosal, ndax li ngeen àndatul ak
ñoom, daw wuti googu yàqute gu af,
5 waaye ñoo koy layoo ak ki nara àtte ñiy
dund ak ñi dee.
6 Li ñu ci jublu moo di, ñi dee tey sax, ñu
àgge leen xibaaru jàmm bi, ngir bu ñu leen
àttee àtteb nit ñu seen yaramu suux wara
dee sax, du tee ñuy dund tey, ndax
Noowug Yàlla.

## *Bennoo moo war gëmkat ñi*

7 Te itam mujug lépp dëgmal na; kon nag
jiitalleen seenum xel, te ànd ak seen sago,
ngir ngeen man di ñaan.
8 Waaye li ci raw mooy soppanteleen
cofeel gu mat sëkk, ndax cofeel, bàkkaar yu
bare lay far.
9 Ganalanteleen te baña jàmbat.
10 Kenn ku ci nekk, may gi ko aw yiw
jagleel, na ko taxawoo ñépp. Noonu ngeen
di doone ay saytukat yu baax, di saytu ay
may yu yiwu Yàlla wu yaa di joxe.
11 Kuy wax, na waxe nu mu jottalee
kàddug Yàlla. Kuy taxawoo, na taxawoo ci
dooley Yàlla, ngir màggug Yàlla feeñe ci lépp
ndax Yeesu Almasi bi, moom mi yelloo
daraja ak kàttan, tey ak ëllëg ba fàww.
Amiin.

## *Bu ngeen di sonn, na Almasi bi tax*

12 Soppe yi, tàngooru nattu bi ngeen
nekke nii, bumu leen jaaxal ba mel ni lu
jaaduwul moo leen dikkal.
13 Waaye noonu ngeen séddoo ci coonoy
Almasi bi, bégeleen ko, ngir bu ndamam
feeñee, ngeen gënatee bég.
14 Su ñu leen jànnee sax ndax turu
Almasi bi, ndokkalee yeen, ndax Noo gu
darajawu gi, Noowug Yàlla moo wàcc ci
yeen.
15 Waaye rey nit, mbaa sàcc, mbaa def lu
bon, mbaa dugg ci yëfi jàmbur, bumu
waral coonoy kenn ci yeen.
16 Ku sonn ndax li muy aji-gëm-Almasi
nag, bumu ci rus, na sàbbaal Yàlla kay, ci
woowu tur.

‡ **3.19** Seetal it ci *2.Piyeer* 2.4; *Yudd* aaya 6. § **3.21** ***sóobu:*** seetal ci *Room* 6.3-4.

17 Ndax kat tey la àtte bi wara tàmbalee ci
waa kër Yàlla. Ndegam ci nun lay tàmbalee
nag, ñi gëmul xibaaru jàmm bu Yàlla, ana fu
ñu jëm?
18 Te it:
«Kuy jëfe njekk, su ko texe jafee,
yéefar bi, bàkkaarkat bi moom, fu mu
jëm*?»
19 Kon nag ñiy sonn te coobarey Yàlla
tax, nañu dénk seen bopp Yàlla, Ki sàkk te
wóor, te ñuy saxoo def lu baax.

# 5

## *Sàmmalleen Yàlla géttam*

1 Mag ñi ci seen biir di seeni njiit nag,
dama leen di ñaax, man miy njiit ni ñoom,
di seedeb coonoy Almasi bi, te di boroom
cér ci ndam li nara feeñ.
2 Foralleen gétt gi ñu leen dénk.
Sàmmleen ko, te bañ koo defe ñàkk pexe,
xanaa xol bu tàlli, ni ko Yàlla bëgge. Buleen
ko defe it koppartuy kese, waaye farluleen
ci.
3 Buleen jaay kilifteef ñi ñu leen dénk,
waaye doonleen ay royukaay ci jur gi,
4 ba bu sàmm bu mag bi feeñee, ngeen
jot kaalag daraja gu dul furi.
5 Naka noonu yeen ndaw ñi, nangulleen
magi mbooloom gëmkat ñi. Yeen ñépp nag
toroxluleen ci seenug jëflante, ndax:
«Yàlla, ñi réy lay xeex,
ñi toroxlu, mu may leen aw yiw*.»
6 Ci suufu loxol Yàlla bi am doole la leen
Yàlla di yékkatee bu jotee, su ngeen
toroxloo,
7 ci ni ngeen di sippikoo ci kawam,
mboolem seenu tiis, nde mooy ki leen
tiisoo.
8 Àndleen ak sago te teewlu! Ki leen di
tuumaal, Seytaane, mu ngi ŋar ni gaynde,
tey wër, di rëbb ku mu warax.
9 Pastéefu ngëm ngeen di xeexe te xam
ne benn coono bi ngeen di daj, moom la
mboolem seen bokki gëmkat yi ci àddina di
daj.
10 Te gannaaw bu ngeen sonnee ab diir,
Yàlla miy boroom wépp yiw te woo leen ci
ndamam lu sax dàkk ndax Almasi bi,
moom ci boppam moo leen di jagal,
dooleel leen, dëgëral leen ba ngeen dëju.
11 Moom la kàttan ñeel ba fàww. Amiin.

## *Piyeer tàggoo na*

12 Silwan† miy mbokkum gëmkat mu
wóor ci sama xalaat, ci ndimbalam laa
leen bind kàddu yu gàtt yii, di leen ñaax
aka seedeel ne lii kat moo di yiwu Yàlla
dëgg. Taxawleen ci bu dëgër.
13 Ab nuyoo ñeel na leen, tukkee ca
mbooloom gëmkat ma ca Babilon‡ te di ñu
ñu tànn ni yeen, tukkee itam ci sama doom
Màrk.
14 Nuyooleen te fóonantee ag cofeel.
Jàmm ñeel na mboolem yeen ñi gëm
Almasi bi.

---

* **4.18** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 11.31. * **5.5** Seetal ci *Kàddu yu xelu* 3.34. † **5.12** ***Silwan*** mooy turu waa Room wi Gereg yi naan Silas. Seetal *Jëf ya* 15.22, 40. ‡ **5.13** ***Babilon*** foog nañu ne turu kumpa Room la.

# 2.Piyeer
## muy ñaareelu bataaxal bi Piyeer bind

Buuru Room bu mag bi, Nero, tëj na Piyeer kaso ndax li mu topp Almasi bi. Piyeer xam na ne teg nañu ko dee. Piyeer teewe na njàngaleem Almasi bi, moo tax mu fas yéene di fàttali gëmkat yi mbir yi mu leen doon jàngal.

Jàngalekati caaxaan yi wax nañu ne Yeesu délseegul, te jombul du ñëw; bés pénc du am, noonu man nanoo topp sunu bakkan, di xawaare. Piyeer tontu na ne moom ci boppam moo teewe màggaayu Almasi bi ca tund wa, te benn bés ñépp dinañu ko gis. Délseem dafa yeex ndax Yàlla bëgg na ñépp tuub. Piyeer daf leena xiirtal ci xalaatin yu set, ba ñu fàttaliku ndigali Musalkat bi, fàttaliku kàdduy yonent yu sell ya.

Ci tënk:

- Saar 1 Piyeer daa fàttali gëmkat yi ngir ñu dëggal seen ngëm ba séddu ci jikkoy Yàlla.
- Saar 2 Piyeer artu na leen ci jàngalekati caaxaan yi.
- Saar 3 Noo ngi séentu bés bi Boroom biy délsi.

### *Ubbite gi*

1 Ci man Simoŋ Piyeer miy jaamub
Yeesu Almasi bi, di ndawam, ci man la
bataaxal bii bawoo, ñeel ñi ñu may ngëm
gu njëg ga réye ni sunu gos, ci njubteg
Almasi bi, sunu Yàlla, sunu Musalkat.
2 Na aw yiw ak jàmm juy baawaan ñeel
leen, ndax xam gu nu xam Yàlla ak sunu
Sang Yeesu.

### *Dëggalleen wooteb Yàlla*

3 Mboolem lu aju ci dund gu sax ak ragal
Yàlla, Yàllaa nu ko may ci dooleem, ba mu
nu xamalee ne darajay boppam ak
jalooreem ju wéet la nu woowe.
4 Ci jooju daraja ak jooju jaloore lees nu
baaxee ay dige yu réy njëg te màgg. Yooyu
dige nag, bu ngeen ci jotee, ci ngeen di
séddu ci jikkoy Yàlla, gannaaw bu ngeen
muccee ci yàqutey àddina gi xemmemtéefu
bakkan waral.
5 Loolu tax na ba ngeen def lu ngeen
man, ba dolli ci seen ngëm, njàmbaar; seen
njàmbaar, ngeen dolli ci xam-xam;
6 seen xam-xam, ngeen dolli ci noot
seen bakkan; noot seen bakkan, ngeen
dolli ci ag muñ; seenug muñ, ngeen dolli
cig ragal Yàlla;
7 seenug ragal Yàlla, ngeen dolli ci bëgg
seen bokki gëmkat; bëgg seen bokki gëmkat,
ngeen dolli ci cofeel.
8 Ndax yooyu jikko kat su ngeen ko
amee, ba mu law, dungeen yaafus,
dungeen ñàkk njariñ ci nu ngeen di xame
sunu Sang Yeesu Almasi bi.
9 Waaye yii jikko, ku ko ñàkk, daa fekk
mu gàtt gis-gis ba far gumba, te fàtte ne
dees koo fóotoon ba mu set, teqalikook
bàkkaari démbam.
10 Kon nag bokk yi, nangeen gënatee def
lu ngeen man ba dëggal woote bi ñu leen
woo ak tànn gi ñu leen tànn. Su ngeen ko
defee kat, dungeen daanu mukk.
11 Noonu lees leen di ubbile bunt bu yaa
bu ngeen di tàbbee ca nguur gu sax gay
sunu moomeelu Sang, sunu Musalkat,
Yeesu Almasi bi.

### *Yàllay déey yonent yi waxyu*

12 Moo waral ma fas yéene di leen dëkkee
fàttali loolu, doonte xas ngeen koo xam, ba
tax ngeen taxaw bu dëgër ci dëgg gi leen
nuyusi.
13 Li jaadu ci sama gis-gis moo di, li feek
may màkkaanoo aw suux, dinaa leen ko
fàttali, ngir soññ leen.
14 Ndax damaa leer, ni ma ko sunu
Boroom Yeesu Almasi bi leeralale, ne bés
bi may summi sama màkkaanu suux bii
dëgmal na.
15 Waaye dinaa def sama kem-kàttan, ba
fu ngeen tollu, di fàttaliku mbir yooyu,
gannaaw bu ma dëddoo.
16 Du ay léeb yu xel mu xareñ fent lanu
leen xamale woon sunu manoorey
Boroom Yeesu Almasi bi ak na muy dikke,
waaye noo teewe màggaayam.
17 Ndax kat moo nangoo ci Yàlla Baay bi,
teraanga ak daraja, ba ko baat ba jibalee,
bawoo fa Boroom daraja ju yéeme ja ne:

«Kii moo di sama Doom, sama soppe;
moom laay bànneexoo*.»
18 Baat booba jóge asamaan, moom lanu
dégg, ba nu nekkee ak moom ca tund wu
sell wa.
19 Rax ci dolli nu ngeek waxi yonent yi,
muy wax ju wóor ju jara gëm, te yeena yey
teewlu waxi yonent yi, ni ñuy teewloo
ceeñeeru làmp bu tàkke ci biir lëndëm, ba
kera fajar di xar, ba biddiiwu njël feqal
seen xol.
20 Waaye li ngeen wara njëkka xam moo
di amul ci Mbind mi genn kàddug waxyu te
yonent ba ko wax, fiire ko xelum boppam.
21 Ndax kat du kàddug waxyu gu masa
soqikoo ci coobarey nit, waaye ci xiirtalub
Noo gu Sell gi la aw nit daan waxe kàddug
waxyu gu bawoo fa Yàlla.

# 2

### *Sànkute ñeel na jàngalekati caaxaan*

1 Waaye na mu ame woon ci askanu
bànni Israayil ay yonenti caaxaan, ni lay
ame ci seen biir ay jàngalekati caaxaan yuy
sërxal ay àlluway sànkute yuy weddi sax
Sang bi leen jot, ba yóbbe seen bopp
sànkute ju bette.
2 Ñu baree leen di topp ci seen ñaawtéef
gu ëpp, ba tax yoonu dëgg gi tegoo ay
saaga ndax ñoom.
3 Seenug bëgge lañuy ràbbe ay kàddu yu
ñu leen di koppartoo. Ñooñu la seenub
daan yàgga yoot, te seen sànkute nelawul.
4 Ndax Yàlla kat, ndegam moo jéggalul
malaaka ya bàkkaaroon, xanaa tàbbal leen
kàmbu mbugal, wacce leen ci ay jéngi biir
lëndëm gu ne këruus, di leen nége àtte ba.
5 Ndegam àddina sa woon it Yàlla jéggalu
ko, xanaa Nóoyin ma daan woote ci yoonu
njub te di kenn ci juróom ñetti nit ña mu
musal, ba mu walalee mbënn ma ci
àddinay nit ñu gëmadi.
6 Ndegam dëkk ya ñuy wax Sodom ak
Gomor it, la mbugale seenub taste, def
leen ab dóom, ba def leen misaal mu ñeel
aji gëmadiy ëllëg,
7 te mennum Lóot aji jub ji doŋŋ,
nekkoon kenn ki mu musal, te mu
sonnoon lool, ndax ñaawtéefi nit ñu dëng
ñooñu.
8 Ndax Lóot aji jub ja dëkkoon ci seen biir
kat, la mu nekke woon ci biir xolu
njubam, moo di naqarlu, ndax jëfi ndëngte
ya muy gis, di ko dégg, bés bu nekk.
9 Su demee noonu kay, kon Boroom bi
def loolu lépp, xam na nu muy musale nit
ñu ragal Yàlla cib nattu ak nu muy xaare
nit ñu dëng ñi, ngir seen mbugal kera bésu
àtte ba,
10 rawatina nag boroom xemmemtéefi
yàqute yi topp seen bakkan te faalewuñu
genn kilifteef. Ñu fétteeral lañu te bew,
ragaluñoo saaga sax boroom daraja yu
kawe ya fa asamaan.
11 Moona malaaka yi ëpp doole ak
manoore sax, ñemewuñoo yékkati kàdduy
saaga yu ñuy sikke yooyu boroom daraja,
fa kanam Boroom bi.
12 Waaye ñoom ñooñu mel ni mala yu
amul xel, seen yég-yégi judduwaale jiital
leen, te li leen taxa juddu di jàpp leen, rey
doŋŋ, ñooy saaga lu ñu xamul. Dees na
leen rey ni ñuy reye ay mala.
13 Loraange lees leen di feye loraange gi
ñu sabab.
Seen mbégte mooy xawaarey bëccëg
ndarakàmm. Ñooñoo diy gàkk aki sikk,
ndax seen teewaay gàcce la ci seen biir
yeen, bu ñuy bokk ak yeen bernde, te ca
lañuy bànneexoo ay nax.
14 Seeni gët xoolul lu moy ku ñu njaalool,
te duñu bàkkaar ba regg mukk; ku dëgërul,
ñu yóbbaale la. Ñooñu la seenub xol tàggatu
ci ag bëgge mii di njurum alkànde!
15 Ba ñu wàccee yoon wu jub wi lañu lajj
topp yoonu Balaam, doomu Bosor*, mi
soppoon peyooru njubadi.
16 Waaye Balaam, ag tooñam tax na ñu
femmu ko; ab waruwaay manula wax, te
moo waxe baatub nit†, ba dakkal jëfi ndofi
yonent booba.
17 Ñooñooy teen yu dëy, ñooy xiin wu
callweer tas, te lëndëm gu fatt taraj di
seenub añ.
18 Kàddu yu réy yu tekkiwul dara lañuy
naxee, di fàbbee xemmemtéefi bakkan yu

---

* **1.17** Seetal ci *Macë* 17.5. * **2.15** ***Bosor*** mooy Bewor ci làkku yawut; Gereg yi ñoo koy wax Bosor. † **2.16** Seetal ci *Màndiŋ ma* saar 22.

jéggi dayo, ay nit ñu yàggula rëcce ci ñeneen
ñu nekk cig réer.
19 Ag ngoreel lañu leen di dig, te ñoom ci
seen bopp, ay jaami yàqute lañu, ndax lu la
man, nga dib jaamam.
20 Ndax kat gannaaw bu ñu xamee bu
baax sunu Boroom, sunu Musalkat Yeesu
Almasi bi, ba rëcc sobey àddina, bu ñu ca
sóobuwaatee ba mu man leen, su boobaa
seenug muj moo yées seenug njàlbéen.
21 Ndax kat ñàkkoona xam yoonu njub
wi sax moo doon gën ci ñoom, xam ko ba
noppi, dëddu ndigal lu sell la ñu leen ca
àgge woon.
22 Li léeb wii wax te muy dëgg, moo leen
dikkal: «Xaj waccu, lekkaat ko; te
cangaayu mbaam-xuux, teewu koo
xalangootee poto-poto.»

# 3

### *Bésu Boroom bi du jaas*

1 Soppe yi, sama ñaareelu bataaxal a ngi
nii, te bu ci nekk am na lu ma leen ci
fàttali, ngir xiirtal leen ci xalaatin yu set,
2 ba ngeen fàttaliku kàddu ya yonent yu
sell ya jottali woon ak sunu ndigalu
Boroom, sunu Musalkat, ndigal la
jottalikoo ca ndaw ya ñu yebaloon ci yeen.
3 Li ngeen wara njëkka xam moo di bés
yu mujj ya, ay niti ñaawlekat ay dikk, di nit
ñu topp seen bakkan.
4 Ñooñoo naan: «Ki dige woona ñëw, ana
mu? Ba maam ya nelawee de yàgg na,
waaye lépp a ngi wéye na woon ca
njàlbéenu àddina.»
5 Li ñuy fàtte te di ko tey moo di ci kàddug
Yàlla la asamaan nekke bu yàgg, te ci
kàddoom la suuf bindoo ci ndox, ba génne
ci ndox.
6 Te ci yooyii la àddina sa woon sànkoo
woon ca mbënn ma.
7 Waaye asamaanu tey jii ak suuf, genn
kàddug Yàlla googu moo leen yeb cib denc,
ñeel sawara, kera bésub àtte ba, bésu
sànkuteb aji gëmadi ñi.
8 Soppe yi, lenn a ngii, buleen ko umple:
benn bés ni junniy at la mel ci Boroom bi;
junniy at mel ni benn bés ci moom.
9 Du caageenu yeexe gu Boroom bi
yeexe dige ba, noonu ko ñenn ñi fooge ag
yeex. Yeen la muñal kay, ndax bëggul kenn
sànku, xanaa ñépp dem ba tuub.
10 Waaye bésu Boroom bi nib sàcc lay
dikke. Ca la asamaan yi di dëddoo ci biir
coow lu réy, lu ko sosoon seey ndax tàng,
suuf ak jëf ju ci biiram xoyomu.
11 Gannaaw loolu lépp noonu lay seeye
nag, xamleen bu baax li leen war: jëfin wu
sell akug ragal Yàlla
12 ak yàkkamti bésu Yàlla ba, di jëfe li koy
taxa gaawa dikk, ba asamaan yi lakk ba
jeex, lu ca jëmmu lakk ba seey.
13 Waaye asamaan su bees ak suuf su
bees te njub dëkke ko bu keroogee, moom
lanuy séentu, na nu ñu ko dige woon.
14 Kon nag soppe yi, li feek ngeen di
séentu loolu, defleen seen kem-kàttan, ba
bésub keroog fekk leen ci jàmm, te ngeen
baña am benn gàkk, mbaa sikk ci gis-gisu
Yàlla.
15 Sunu Boroom nag, ag muñam, jàppleen
ne moo dig mucc, noonee leen ko sunu
soppe, mbokk mi Póol binde woon ci xel
mu rafet mi ñu ko baaxe.
16 Loolu la bind ci mboolem bataaxal yi
mu waxe ci moomu mbir, te mu am ci
ponk yu jafee xam, ba ñi dese am njàng te
seenum xel toogadi, di walbati waxam, ni
ñuy def ak yeneen bind yépp, ba far sànk
seen bopp.
17 Kon nag yeen soppe yi, gannaaw xam
ngeen loolu ba noppi, wattuleen bala
leena réeraangey moykati yoon yi yóbbaale,
ba yolomal seenub taxawaay.
18 Waaye màggleen ci wàllu yiwu sunu
Boroom, sunu Musalkat Yeesu Almasi bi,
ak ci wàllu xam-xam bu ngeen ko xam.
Ndam ñeel na ko tey, ba kera bés bu sax
dàkk. Amiin.

# 1.Yowaan muy bataaxal bu njëkk bi Yowaan bind

Gannaaw ki bind bataaxal bii moo wax ne fekke na dundug Yeesu, dañoo jàpp ne Yowaan ndaw li, di kenn ci taalibey Yeesu, moo ko bind.

Manees naa xam dara ci ñi moom bataaxal bi. Ñu bare ci taalibe yu njëkk ya dañoo dee, ba tax ay nit di weddi ne Yeesu Almasi bi nit dëgg la woon. Yowaan moo dëggal ne moom ak yeneen taalibe yi, gis nañu Yeesu te laal nañu ko. Moo sofñi gëmkat ñi ci xam ak sopp Yàlla, di soppante, ni leen Almasi bi soppe.

Ci tënk:

1.1-4 Kàddug Yàlla mooy joxe dund.
1.5—2.29 Yàlla moo dig leer, nan doxe leer.
3.1—5.12 Yàlla mooy Baay bi, nan ko déggal ci di soppante.
5.13-21 Ku gëm Almasi bi, texe.

*Kàddug dund gaa ngii*

1 Ki dale nekk ca njàlbéen, ki nu dégg,
gise ko sunuy gët, niir ko, laale ko sunuy
loxo, kookoo di Kàddug dund.
2 Kookoo di dund ci boppam, moo feeñ,
nu gis ko, te moom lanuy seedeel, di leen
biralal ne kookoo di texe gu sax dàkk. Moo
nekkoon fa Baay ba, te moo nu feeñu.
3 Li nu gis te dégg ko, moom lanu leen di
àgge, ngir yeen itam ngeen am ak nun ag
jokkoog mbokk. Te sunu jokkoog mbokk
googu, nook Baay bi lanu ko séqal, ak
Doomam Yeesu Almasi bi.
4 Loolu lanu leen di bind, ngir nu bokk
mbég mu mat sëkk.

*Yàlla moo dig leer*

5 Xibaar bi nu dégge ci moom, di leen ko
àgge, mooy lii: Yàlla ag leer la, te gennug
lëndëm nekkul ci moom.
6 Su nu nee am nanook moom jokkoog
mbokk, te teewu noo wéye ag lëndëm,
danuy fen, te jëfewunu dëgg.
7 Waaye ni mu nekke moom ci boppam
cig leer, su nu dee wéye noonu ag leer, su
boobaa lanuy séq jokkoog mbokk, te
deretu Yeesu Doomam moo nuy raxas ba
nu set, tàggook bépp bàkkaar.

*Doxeleen leer, tàggook bàkkaar*

8 Su nu waxee ne amunu bàkkaar, sunu
bopp lanuy nax, te amunu dëgg.
9 Su nu ko àggee sunuy bàkkaar, te muy
ku jara wóolu, di boroom njub, moo nuy
jéggal sunuy bàkkaar, raxas nu ba nu set,
tàggook gépp njubadi.
10 Su nu nee bàkkaarunu, ab fen-kat lanu
ko def, te kàddoom nekkul ci nun.

## 2

1 Xale yi doom, loolu laa leen bind, ngir
ngeen baña bàkkaar. Waaye su ci amee ku
dem ba bàkkaar, am nanu ab layookat fa
wetu Baay bi, te mooy Yeesu Almasi bi,
boroom njub.
2 Moom ci boppam moo dig njotlaay ñeel
sunuy bàkkaar, te du sunuy bàkkaar doŋŋ,
waaye yoy àddina sépp la ñeel.

*Ndigal nuyoo na*

3 Lii nag, ci lanuy xame xéll ne xam
nanu kuy Yàlla, te mooy nuy jëfe ay
ndigalam.
4 Ku ne: «Maa xam kuy Yàlla,» te ay
ndigalam jëfewu ko, day fen, te amul genn
dëgg.
5 Képp kuy jëfe kàddug Yàlla, ci moom déy
la cofeelu Yàlla mate sëkk. Ci loolu lanuy
xame ne moom lanu nekk.
6 Ku ne moo sax ci Yàlla, fàww ni Yeesu
Almasi bi daan jëfe, ni lay jëfe moom itam.
7 Soppe yi, du ndigal lu bees laa leen
bind, waaye da di ndigal lu yàgg bu ngeen
jotoon ca ndoorte la. Te ndigal lu yàgg
boobu mooy kàddu gi ngeen dégg rekk.
8 Moonte ndigal lu bees laa leen bind
itam nag, ndigal lu wér lu firndewoo ci
Yeesu, te firndewoo ci yeen itam. Ndax
kat lëndëm gaa ngi wéy, te leer gi dëgg fenk
na jeeg.
9 Ku ne mu ngi ci leer gi te bañ bokki
gëmkatam nag, mu ngi ci lëndëm gi ba tey.
10 Ku sopp sa mbokkum gëmkat, ci leer gi
nga sax te luy yóbbe nit bàkkaar, du jóge ci
yaw.
11 Waaye ku bañ mbokkum gëmkatam, ci
lëndëm gi la nekk, biir lëndëm gi lay wéye

it, te xamul fu mu jëm, ndax lëndëm gaa ko gëlëmal.

### *Buleen topp àddina*

12 Xale yi, yeen laay bind,
ndax dees leena jéggal seeni bàkkaar ci turu Almasi bi.
13 Yeen ñiy baay laay bind,
ndax yeena xam ki nekkoon ca njàlbéen.
Xale yu góor yi, yeen laay bind,
ndax yeena daan ku bon ki.
14 Gone yi, yeen laa bind,
ndax yeena xam Baay bi*.
Yeen ñiy baay laa bind,
ndax yeena xam ki nekkoon ca njàlbéen.
Yeen xale yu góor yi laa bind,
ndax yeena dëgër; kàddug Yàllaa des ci yeen,
te yeena daan ku bon ki.
15 Buleen topp àddina ak li ci biiram. Ku
topp àddina, cofeelu Baay bi nekkul ci
moom.
16 Ndax kat mboolem lu nekk ci àddina,
muy xemmemtéefi bakkan, di mboolem
xemmemtéef gu sosoo ci lu bët tege, ak
réy-réylu gu alalu àddina waral, amul lenn
lu ci jóge ci Baay bi, xanaa ci àddina.
17 Te àddina day jeex, mooki
xemmemtéefam, waaye kuy jëfe coobarey
Yàlla mooy sax ba fàww.

### *Nanu sax ci dëggug Almasi bi*

18 Gone yi, waxtu wu mujj wi dikk na, te
noonu ngeen dégge woon ne bañaaleb
Almasi bi dina ñëw, noonu la bañaaley
Almasi yu bare feeñe, te loolu moo nu
xamal ne waxtu wu mujj wi dikk na.
19 Ci nun lañu jóge nag, waaye bokkuñu
ci nun, ndax su ñu bokkoon ci nun, ci nun
lañuy des. Waaye noonu la bire ne du
ñoom ñépp a bokk ci nun.
20 Yeen nag, Ku sell kee leen diw, sédde
leen ko Noo gu Sell gi, te moo leen taxa
xam, yeen ñépp.
21 Binduma leen ndax seen ñàkka xam
liy dëgg, waaye li ngeen ko xam, te xam ne
wenn fen bokkul ci luy dëgg, moo tax ma
bind leen.
22 Ana kuy fen-kat bi, ku moy kiy weddi
ne Yeesu mooy Almasi bi? Kooku mooy
bañaaleb Almasi bi weddi Baay bi ak Doom
ji.
23 Ku weddi Doom ji nag, kooku ñàkk na
Baay bi boole ci; waaye ku dëggale Doom ji
aw làmmiñam, kooku am na Baay bi, boole
ci.
24 Yeen nag, la ngeen déggoon ca ndoorte
la, na sax ci yeen. Loolu ngeen déggoon ca
ndoorte la, su saxee ci yeen, yeen ay boole
sax ci Doom ji ak ci Baay bi.
25 Te dige ba mu nu digoon moo di texey
fàww.
26 Lii laa leen bind ci mbirum nit ñi leen
di jéema fàbbi.
27 Yeen nag, diw gi mu leen diw, sédde
leen ko Noo gu Sell gi, moo sax ci yeen,
soxlawuleen ku leen jàngal dara.
Gannaaw Noowam gu Sell googu moo
leen di jàngal lépp, te di lu dëggu lu
caaxaan amul, nangeen sax ci moom, ni
mu leen ko jàngale.

### *Aji jub ñi ñooy doomi Yàlla*

28 Léegi nag xale yi, saxleen ci Almasi bi,
ndax bu feeñee, nu siggi fi kanamam te
baña rus kera ba muy feeñ.
29 Gannaaw xam ngeen ne moo jub,
xamleen itam ne képp kuy def njub, ci
moom nga sosoo.

## 3

### *Yàlla mooy Baay bi*

1 Ndaw cofeel gu nu Baay bi won, ba ñu
di nu woowe doomi Yàlla, te moom lanu it.
Àddina nag xamu nu, te li ko waral moo di
da koo xamul moom itam.
2 Soppe yi, léegi doomi Yàlla lanu, te li
nuy dooni nag feeñagul. Waaye xam nanu
ne bés bu Almasi bi feeñee, nooy nirook
moom, ndax su boobaa, ni mu nekke,
noonu lanu koy gise.
3 Te képp ku am jooju yaakaar ci moom,
noonu mu sete, ni lay setale boppam.

### *Déggalleen Baay bi, buleen sax ci di bàkkaar*

4 Ku bàkkaar, moy nga aw yoon, nde
bàkkaar mooy moy aw yoon.
5 Te xam ngeen ne Yeesu moo feeñ ngir
far bàkkaar, te taqul fenn bàkkaar.

---
* **2.14** Am na ay téere yu boole kàddu yii ci aaya 13 (2.13).

6 Képp ku sax ci moom, doo sax ci
bàkkaar; kuy bàkkaar, gisuloo ko te
xamuloo ko.
7 Xale yi, bu leen kenn nax! Kuy def
njub, yaa jub, ni Almasi bi ci boppam jube.
8 Kuy bàkkaar, ci Seytaane la bokk, ndax
Seytaane moo dale bàkkaar ca njàlbéen ga.
Te Doomu Yàllaa dikk ngir nasaxal
liggéeyu Seytaane.
9 Képp ku sosoo ci Yàlla doo dëkke
bàkkaar, ndax jiwum Yàlla* moo nekk ci
moom; du mana wéy ciy bàkkaar, ndax ci
Yàlla la sosoo.
10 Nii lees di ràññee doomi Yàlla ak
doomi Seytaane: képp ku dul def njub,
bokkul ci Yàlla; képp ku soppul sa
mbokkum gëmkat it, naka noonu.

## *Déggalleen Baay bi, di soppante*

11 Lii kat moo di solos xibaar ba ngeen
déggoon ca njàlbéen: nanu soppante,
12 te baña def ni Kayin, mi bokkoon ci ku
bon ki, ba rey rakkam. Ana lu tax mu rey
ko? Xanaa li rakk ji jëf jëfi njekk, te moom
mu jëf jëf ju bon.
13 Kon bokk yi, bu leen àddina bañee,
bumu leen jaaxal.
14 Nun de xam nanu ne noo bàyyikoo ci
dee, tàbbi ci dund, ndax li nu sopp bokki
gëmkat yi. Ku soppul nag, yaa ngi ci dee ba
tey.
15 Képp ku bañ sa mbokk, ab bóomkat la,
te xam ngeen ne ab bóomkat, yoolub texe
bu muy saxoo ba fàww, amu ko.
16 Nii nag lanuy xame lan mooy cofeel:
Almasi bi dafa joxe bakkanam ngir nun;
kon nun itam, li nu war mooy nu joxe
sunu bakkan ngir sunu bokki gëmkat.
17 Waaye ku am alalu àddina, su gisee
mbokkam mu nekk ci soxla, ba noppi tëjal
ko xolu yërmande, kooku ana nu cofeelu
Yàlla nekke ci moom?
18 Xale yi, bunu soppante ci làmmiñu
kese maanaam ay wax, waaye nanu ko
jëfe, te muy dëgg.
19 Noonu lanuy xame ne nu ngi ci dëgg,
ba dalal sunum xel ci kanamam.
20 Ak lu nu sunum xel mana sikke, Yàllaa
sut sunum xel, te lépp la xam.
21 Soppe yi, bu nu sunum xel sikkul,
dinanu ñemee walbatiku ci Yàlla.
22 Te kon lu nu ñaan, mu may nu ko,
ndax ay ndigalam lanuy sàmm, te li mu
rafetlu lanuy jëfe.
23 Ndigalam nag moo di nu gëm turu
Doomam Yeesu Almasi bi, tey soppante
noonu mu nu ko dénke.
24 Kuy sàmm ndigali Yàlla nag, yaa sax ci
moom, moom it mu sax ci yaw. Te li nuy
xamal ne mu ngi sax ci nun moo di Noo gu
Sell gi mu nu sédd ab cér.

# 4

## *Nanu ràññee Noo giy dëgg*

1 Soppe yi, du képp ku ne mu ngeek
Noowug Yàlla, ngeen di gëm, waaye
nattuleen noo gi mu waxe, ba xam ndax ci
Yàlla la jóge, ndax yonenti caaxaan yu
baree dajal àddina.
2 Ni ngeen di xàmmee Noowug Yàlla nag
moo di képp ku ne mu ngeek Noo gi, te
kàddoom dëggal ne, Yeesu Almasi bi moo
dikke yaramu suux, kooka noo ga muy
waxe ci Yàlla la bokk.
3 Waaye képp ku noo ga mu waxe
waxloowul kàddu gu dëggal ne Yeesoo
dikke yaramu suux, kooka noo ga muy
waxe bokkul ci Yàlla. Googu noo mooy gu
bañaaleb Almasi ba ngeen déggoon ne dina
ñëw, te tey mu ngi ci àddina ba noppi.
4 Yeen xale yi, ci Yàlla ngeen bokk, te
daan ngeen yonenti caaxaan yooyu, ndax
ki ci yeen moo ëpp doole ki ci àddina.
5 Ñoom nag ci àddina lañu bokk; moo tax
waxi àddina lañuy wax, àddina di leen
déglu.
6 Nun ci Yàlla lanu bokk. Ku xam Yàlla,
déglu nu; ku bokkul ci Yàlla doo nu déglu.
Noonu lanuy ràññee Noo giy dëgg ak noo
giy fen.

## *Nanu soppante*

7 Soppe yi, nanu soppante, ndax cofeel
ci Yàlla la bokk; képp ku am cofeel, ci Yàlla
nga sosoo, te xam nga Yàlla.
8 Ku amul ag cofeel nag, xamuloo Yàlla,
ndax Yàlla cofeelu neen la.

* **3.9 *jiwum Yàlla:*** seetal ci *Yeremi* 31.33; *Esekiyel* 36.26-27.

9 Ni cofeelu Yàlla feeñe ci nun moo di
jenn Doomu boppam ji mu yebal ci àddina,
ngir nu mana dund ci kàttanam.
10 Lii mooy cofeel: cofeel gi du sunug
cofeel, nun ci Yàlla; xanaa cofeel gi mu nu
sopp, ba yebal Doomam, def ko njotlaay,
ñeel sunuy bàkkaar.
11 Soppe yi, ndegam Yàllaa nu soppe nii,
nun itam war nanoo soppante.
12 Yàlla moom, kenn masu koo gis.
Waaye su nu soppantee, Yàllaa ngi ci nun,
te cofeelam mat na sëkk ci nun.
13 Ni nuy xame ne ci Yàlla la nu saxe, te
moom itam ci nun la sax, moo di Noowam
gi mu nu sédd ab cér.
14 Nun nag noo gisal sunu bopp te noo
seede ne Baay bi moo yebal Doom ji, muy
Musalkatub àddina.
15 Képp ku dëggal ne Yeesu mooy Doomu
Yàlla, Yàlla ci moom lay sax, te moom it ci
Yàlla lay sax.
16 Nun nag xam nanu te gëm nanu
cofeel gi nu Yàlla sopp.
Yàlla cofeelu neen la. Képp ku saxoo
cofeel, ci Yàlla nga sax, te Yàlla itam ci yaw
la sax.
17 Cofeel a mat sëkk ci nun, ngir nu ànd
ak fit keroog bés-pénc. Te li nuy may fit
mooy, ni Yeesu moomu nekke, noonu lanu
nekke nun itam ci àddina sii.
18 Cofeel àndul ak gennug ragal, waaye
cofeel gu mat sëkk dàq na ag ragal; ag
ragal, mook séentu ag mbugal ñoo ànd; te
ku ragal, sag cofeel a des.
19 Nun nag, li nu taxa am cofeel moo di
Yàlla moo nu njëkka sopp.
20 Ku ne moo sopp Yàlla, te soppul
mbokkum gëmkatam, day fen, ndax ku
soppul sa mbokk mi ngay gis, doo mana
sopp Yàlla mi nga gisul.
21 Te ndigal lii nag, moom la nu Yàlla jox:
ku sopp Yàlla, na sopp mbokkam itam.

# 5

### *Ku gëm Almasi bi, daan nga àddina*

1 Képp ku gëm ne Yeesu mooy Almasi bi,
kooku ci Yàlla la sosoo; te ku sopp baay,
sopp doom ji sosoo ci moom.
2 Ni nuy xame ne noo sopp doomi Yàlla
mooy nii: bu nu soppee Yàlla, di jëfe ay
ndigalam.
3 Ndax kat sopp Yàlla moo di, ay
ndigalam nu di ko sàmm, te ay ndigalam
diisul.
4 Képp ku sosoo ci Yàlla, moo daan àddina;
te galgal biy daan àddina mooy sunu ngëm.
5 Ana ku daan àddina ku moy ki gëm ne
Yeesu mooy Doomu Yàlla?

### *Nanu gëm li Yàlla seedeel Almasi bi*

6 Kii mooy ki dikke ci ndox ak ci deret,
kookooy Yeesu Almasi bi; jaarul ci sóobu
ndox doŋŋ, waaye su weesoo loolu, jaar
na ci dee, tuur deretam. Noowug Yàllaa ko
seede, ndax Noo gi mooy dëgg,
7 te ñett a ko seede sax:
8 Noo gi ak ndox ak deret, te ñoom ñett
ñépp a juboo ci benn baat.
9 Ndegam seedes nit lees di nangu nag,
astamaak seedes Yàlla si gëna màgg, te
seedes Yàlla mooy seede si mu seedeel
Doomam.
10 Ku gëm Doomu Yàlla, seede soosoo ngi
ci sab xol. Ku gëmul Yàlla nag, ab fen-kat
nga ko def, ndax yaa gëmul seede si Yàlla
seedeel Doomam.
11 Seede si moo di texe ba fàww la nu
Yàlla jagleel, te texe googu ci Doomam la
nekk.
12 Ku am Doom ji, yaa texe; ku amul
Doomu Yàlla, texewuloo.

### *Ku gëm Almasi bi, texe*

13 Lii maa leen ko bind, yeen ñi gëm turu
Doomu Yàlla, ngir ngeen xam ne texe
ngeen ba fàww.
14 Kóolute gi nu am ci Yàlla moo di su nu
ko ñaanee lenn lu dëppook coobareem, da
nuy nangul.
15 Gannaaw xam nanu ne moo nuy
nangul lépp lu nu ko ñaan, xam nanu ne
dagaan yi nuy sàkku ci moom, am nanu ko.
16 Ku gis mbokku gëmkatam, muy bàkkaar
bàkkaar bu ko jëmewul ci dee, na ko tinul,
Yàlla may ko mu dund. Waaye na fekk
muy bàkkaar bu jëmewul ci dee. Bàkkaar bu
jëme ci dee taxul may digle ku ci ñaan.
17 Gépp njubadi bàkkaar la, waaye am na
bàkkaar bu jëmewul ci dee.
18 Xam nanu ne képp ku sosoo ci Yàlla
doo sax ci bàkkaar, waaye Kenn ki sosoo ci
Yàlla moo koy sàmm, ba ku bon ki du ko
manal dara.

19 Nun nag xam nanu ne ci Yàlla lanu
bokk, te àddina sépp a ngi ci loxol ku bon ki.
20 Xam nanu itam ne Doomu Yàlla moo
dikk ba may nu xel mu nu xame Kiy dëgg,
te nu ngi ci Kiy dëgg ak Doomam Yeesu
Almasi bi. Kooku mooy Yàlla ju dëggu ji, te
moom moo di ag texe ba fàww.
21 Xale yi, wattuleen seen bopp ci ay
tuur.

# 2.Yowaan
## muy ñaareelu bataaxal bi Yowaan bind

Bindkatu bataaxal bii, mag la tudde boppam, di boroom cér ci mboolem gëmkat yi. Soloy bataaxal bii mook soloy bataaxal bu njëkk bi benn la. Moo tax ñu foog ne Yowaan moo ko bind. Ñi moom bataaxal bi ñooy menn mboolem gëmkat mu Yowaan dippee «soxna su tedd si ak ay doomam.»

Yowaan di leen ñaax ngir ñuy soppante, tey wattu njàngale mu wérul. Mu di leen ñaax ci seetlu bu baax bala ñoo dalal ay gëmkat yuy tukki ngir wasaare xibaaru jàmm bu Almasi bi.

*Ubbite gi*

1 Ci man mag mi la bataaxal bii bawoo,
ñeel la, yaw soxna su tedd si, yaak say
doom. Maa leen sopp dëgg, te du man
doŋŋ sax, waaye képp ku xam liy dëgg,
sopp na leen.
2 Li waral sunu cofeel moo di dëgg gi ci
nun, te di ànd ak nun ba fàww.
3 Yal na yiw ak yërmande ak jàmm ànd ak
nun, ci biir dëgg ak cofeel, lépp bawoo ci
Baay bi ak Yeesu Almasi bi, Doomam.

*Nanu wéye dëgg ak cofeel*

4 Bége naa lool ni ma gise ñenn ci say
doom, ñuy wéye dëgg, ni nu ko Baay bi
sante.
5 Léegi soxna si, li ma lay ñaan, te du sax
ndigal lu bees, xanaa la nu jotoon ca
njàlbéen, te mooy nanu soppante.
6 Cofeel nag moo di nu wéye ndigalu
Yàlla; loolu mooy ndigal li, noona ngeen ko
dégge woon ca njàlbéen, ngir ngeen war
koo wéye.
7 Ndax kat bare na ay naxekat yu dajal
àddina, te di ñu dëggalul ne Yeesu Almasi bi
moo wàcce yaramu suux. Ku ni mel mooy
ab naxekat te mooy bañaaleb Almasi bi.
8 Wattuleen seen bopp bala ngeena ñàkk
njariñ li sunub liggéey meññ, xanaa
seenub yool mat sëkk.
9 Képp ku saxoowul àlluway Almasi bi,
xanaa di ko wees, kooku amul Yàlla. Ku
saxoo àlluwa ji nag, yaa am Baay bi, am
Doom ji.
10 Ku dikk fi yaw, te dikkewul jooju
àlluwa, bu ko dalal sa kër, bu ko sax nuyu,
11 nde ku ko nuyu, am nga ab cér ci jëfam
ju bon.
12 Bare na lu ma leen bëggoona bind,
waaye bëgguma leen koo waxe kayit ak
daa. Teewul ma yaakaara dikkaat wax ak
yeen, ne leen jàkk, ngeen ne ma jàkk, ba nu
bokk mbég mu mat sëkk.
13 Say doomi rakk ju jigéen, soxna si
tedd si, ñu ngi lay nuyu.

# 3.Yowaan
## muy ñetteelu bataaxal bi Yowaan bind

Ci bataaxal bii, Yowaan mag mi moo bind ku ñuy wax Gayus, mi ñu xamul dara ci moom. Yowaan di ko sant ndax li mu dalal ay gëmkat yuy tukki ngir waare xibaaru jàmm bu Almasi bi.

Mu mel ni Yowaan dafa artu Joteref, menn mag muy jaay doole mbooloom ñi gëm, te di dàq gëmkat ñiy dalal ndawi Yowaan.

Baatub «dëgg» jib na juróom benni yoon ci bataaxal bu gàtt bii.

### *Ubbite gi*

1 Ci man mag mi la bataaxal bii bawoo,
ñeel Gayus, ku nu sopp ki, te ma sopp ko
dëgg.
2 Soppe, yal nanga am jàmmi wet gu
nekk. Ni nga ame jàmmu xol, yal nanga ni
ame jàmmu yaram.
3 Bég naa lool ci bokk yi dikk, ba seedeel
la ni nga sàmme dëgg gi.
4 May dégg ne samay doom a ngi wéye
dëgg gi, moomu mbég daal, awma mu ko
raw.

### *Yowaan gërëm na Gayus, sas ko*

5 Sama soppe, kóllëre nga wéye ci li ngay
defal bokki gëmkat ñi, ba ci ñi nga xamul
sax.
6 Ñoo seede sag cofeel fi kanam
mbooloom gëmkat ñi. Yaa ngi def lu baax,
noonu nga leen di waajale seenu yoon, na
mu jekke fa Yàlla.
7 Ndax kat boroom Tur wi* moo leen
taxa jóg, te sàkkuwuñu daray jàmbur ñi
gëmul.
8 Kon nun nag, fàww nu dalal ñu mel
noonu, ngir bokk ak ñoom liggéey bi ñuy
liggéeyal dëgg.

### *Yowaan xarab na Joteref, sant Demetirus*

9 Bind naa mbooloo mi kàddu, waaye
Joteref, miy sàkkoo jiitu ci seen biir moo
nu faalewul.
10 Moo tax su ma dikkee, dinaa fàttali jëf
ji muy def, di wasaare kàddu yu ñaaw yu
mu teg ci sunub der. Loolu doyatu ko,
moom ci boppam nanguwula dalal bokk
yi, xanaa di ko tere ñi leen bëgga dalal, ba
di leen dàq, ñu génn mbooloo mi.
11 Sama soppe, bul roy lu bon, xanaa lu
baax. Ñiy def lu baax ci Yàlla lañu bokk;
ñiy def lu bon nag, dajewuñook Yàlla.
12 Naka Demetirus nag, mbaax la ko
ñépp seedeel, te dëgg gi muy wéye sax
seedeel na ko ko. Nun itam mbaax lanu ko
seedeel, te xam nga ne dëgg lanu seede.

### *Yowaan tàggu na Gayus*

13 Bare na lu ma la bëggoona bind, waaye
bëgguma la koo waxe daa ak xalima.
14 Teewul ma yaakaar laa gis balaa yàgg,
ba ne la jàkk, nga ne ma jàkk, nu waxtaan.
15 Jàmm ñeel na la. Say soppee ngi lay
nuyu. Nuyul ma soppe yi, ku nekk ciw
turam.

---

* **1.7** ***Tur wi*** mooy turu Sang Yeesu Almasi bi.

# Di ab bataaxalu Yudd

Ki bind bataaxal bii, Yudd, rakku Yeesu la woon ni Yanqóoba mi bind it bataaxal bu ñu ko dippee (*Macë* 13.55).

Yudd moo ñaax gëmkat ñi, ne leen ñu xeexal yoonu ngëm, di moytu jàngalekati caaxaan yi yoxoosu ci seen biir, ñoom ñi ñeme Yàlla tey xuus cig yàqute, te seenug sànkute du jaas. Mujj, Yudd ñaanal gëmkat ñi ci turu Ki leen mana aar ci bépp jéll.

## *Ubbite gi*

1 Ci man Yudd miy jaamub Yeesu Almasi bi, di rakku Yanqóoba, ci man la bataaxal bii bawoo, ñeel leen yeen ñi ñu woo, yeen ñi Yàlla Baay bi sopp, te sàmmal leen Yeesu Almasi bi.
2 Na yërmande ak jàmm ak cofeel baawaan, ñeel leen.

## *Weddi Yàlla amul ag muj*

3 Soppe yi, yàkkamti woon naa leena bind ci mbirum mucc gi nu bokk, waaye fàww ma bind leen, ngir ñaax leen ci xeexal yoonu ngëm wi Yàlla xasa dénk ñu sell ñi, benn yoon ba fàww.
4 Ndaxte ñenn a ngi ñu ñu yàgga bind seenub àtte, te ñoo yoxoosu ci seen biir, di ñu ñeme Yàlla; ñooy taafantoo yiwu Yàlla ngir yoonal ag yàqute, di weddi Buur biy kenn, te di sunu Boroom Yeesu Almasi bi.
5 Doonte xam ngeen loolu lépp ba noppi, dama leen di fàttali rekk ne Boroom bi moo njëkka musal ñoñam, génne leen réewum Misra, te gannaaw gi moo raafal ña gëmul woon ca ñoom.
6 Te it malaaka ya yemul woon ca daraja ja ñu amoon, xanaa wacc seen dëkkuwaayu bopp, Yàlla moo leen denc ci lëndëm gu ne këruus, yeewe leen jéng yu dul deñ, ngir àtteb bés bu mag ba.
7 Naka noonu itam Sodom ak Gomor ak dëkk ya leen wër, ñoo yebu woon ci séy yi yoon tere ak jaxasoo gu woroo ak bindub judduwaale, ba ñu def leen misaal, ñeel ña nara tegoo mbugalum sawara su sax dàkk.
8 Géntkat yii itam noonu rekk lañuy sobeele seen yaramu bopp, boole ci di sofental kilifteef, ak di saaga boroom daraja ya fa asamaan.
9 Moonte Mikayel may kilifag malaaka sax, ba muy xëccoo ak Seytaane néewub Musaa, di wàqante ak Seytaane, taxul mu ñeme woon koo sikk ba boole ciy saaga. Da ko ne rekk: «Yal na la Boroom bi mbugal!»
10 Waaye nit ñii de, lu ñu xamul lañuy saaga, te xam-xam yi leen seen bindu judduwaale xamal, ni ay rabi àll di xame, ci lañuy far yàqoo.
11 Ngalla ñii! Ñoo jaare yoonu Kayin; ñoo lajj, topp Balaam cig réeram ngir ag peyoor; ñoo diiŋat ba sànku ni Kore*.
12 Ñooñooy gàkkal seen jataayu lekk yi gëmkat ñiy bokk, di ñóox te amuñu ci jenn jom; ñooy xiin yu naaxsaay yu ngelaw li yóbbu; ñooy garab yu dee ñaari yoon, du meññ waxtoom, reen ya buddiku.
13 Ñooy gannaxi géej gu sàmbaraax, di gëq seen puuriti gàcce; ñooy biddiiw yu fàq di taxawaalu, te lëndëm gu ne këruus di cér bu ñu leen sédde ba fàww.
14 Enog†, juróom ñaareelu maam ma gannaaw Aadama, ñooñu la jottali woon waxyu bu leen dal, ne: «Boroom baa ngii dikk, ànd ak ay junniy junneem ñu sell,
15 ngir àtte ñépp, ba tiiñal mboolem yéefar yi, ndax mboolem nu yéefare ni ñu jëfe seen jëfi yéefar ak mboolem kàddu yu ñaaw yi bàkkaarkati yéefar yi teg cib deram.»
16 Ñooñoo di ñaxtu aka jàmbat, te topp seen bakkan; kàdduy damu yu réy ay jibe seen gémmiñ, te ñooy jay ñi ñu yaakaare njariñ.

## *Góor-góorluleen*

17 Waaye yeen samay soppe, fàttalikuleen la ndawi sunu Boroom Yeesu Almasi bi waxoon lu jiitu.
18 Ñu ne leen: «Mujug jamono, dina am ay ñaawlekat yu topp seen bakkan, wéye seen kéefar.»
19 Ñooñu ñooy féewalekat yi, ñoo topp seen bindu judduwaale, te Noowug Yàlla nekkul ci ñoom.

---

* **1.11** ***Kayin:*** seetal ci *Njàlbéen ga* 4.8. ***Balaam: Màndiŋ ma 22.7-35; 31.16. Kore: Màndiŋ ma saar 16.*** † **1.14** ***Enog:*** seetal ci *Njàlbéen ga* 5.21-24.

20 Waaye yeen samay soppe, sampuleen
ba dëgër ci seen yoonu ngëm wu sell wee
sell, te ngeen di ñaane ci Noo gu Sell gi.
21 Fexeleen ba des ci biir cofeelu Yàlla,
tey séentu sunu yërmandey Boroom Yeesu
Almasi bi, ngir ag texe gu sax dàkk.
22 Ñiy nàttable, ñeewanteleen leen,
23 ñii ngeen wallu leen, foqatee leen ci
sawara, ña ca des, ngeen yërëm leen
yërmande ju ànd akug ragal, ba far seexlu
ab turki bu seen yaram sobeel ndax seeni
bàkkaar.

*Cant ñeel na Yàlla*

24 Ki leen mana aar ci bépp jéll, ba
taxawal leen fa muy teewejee darajaam,
te fekk leen ñàkk sikk, seen mbég mat sëkk,
25 Yàlla miy kenn, sunu Musalkat, ci
sunu ndimbalal Sang Yeesu Almasi bi,
daraja ak màggaay ak kàttan ak sañ-sañ
ñeel na ko, démb ak tey ak ëllëg, ba fàww!
Amiin.

# Peeñu mi Almasi Yeesu yégle

Magi mboolooy ñi gëm ci jamonoy Yowaan, mànkoo nañu ne Yowaan ndawu Yeesu moo bind téere bii. Booba buuru Room bu mag bi dafa bëgg ñu jaamoo ko ni ñuy jaamoo Yàlla, te dafa sonal gëmkati Almasi bi. Li Yowaan doon waare ci kàddug Yàlla tey seedeel Yeesu, moo tax ñu toxal ko ci dun bi ñuy wax Patmos. Foofa la Yeesu feeñoo Yowaan, ngir mu bind ñeneen ñi ñu sonal ni ñu ko sonale, ngir seen ngëm gëna dëgër ci biir nattu yi.

*Peeñu mi* moo nettali liy xew laata àddina si di tukki, ne dinañu dogal ci àddina sépp benn nguur, benn diine ak benn doxalin ci koom-koom.

*Peeñu mi* moo ub Kàddug Yàlla gi. Li Yàlla mébétoon ci toolub Àjjana, ak li mu wax yonentam yi, matal na ko: «Màkkaanu Yàllaa ngii ci biir nit ñi. Mooy dëkk ak ñoom, ñi diy ñoñam (22.3).»

Ci tënk:

- 1.1-20 Yeesu mi dekki woon, feeñu na Yowaan.
- 2.1—3.22 Yeesu yónnee na kàddoom ci juróom ñaari mboolooy ñi gëm.
- 4.1—20.15 Li wara xew feeñu na Yowaan: Yàllaay xeex ak lépp lu bon, di mbugal aji gëmadi yi.
- 21.1—22.5 Yowaan gis na asamaan su bees ak suuf su bees ak Yerusalem gu bees gi.
- 22.6-21 Yeesu Almasi bi dina délsi.

### *Ubbite gi*

1 Yeesu Almasi bi moo yégle peeñu mii ko Yàlla jox ngir mu won ay jaamam yenn xew-xew yu dëgmal. Malaakaam la yebal ci Yowaan ngir xamle ko.

2 Yowaan moo seede mboolem li mu gis, te mu jëm ci kàddug Yàlla ak seedes Yeesu Almasi bi.

3 Ndokkalee képp ku jàng ak mboolem ñi déglu yii kàdduy waxyu, tey sàmm li ñu ci bind, ndaxte waxtu wi jege na.

### *Ab nuyoo ñeel na juróom ñaari mboolooy gëmkat*

4 Lii mu ngi tukkee ci man Yowaan, ñeel juróom ñaari mboolooy gëmkat ña ca diiwaanu Asi. Na leen yiw ak jàmm ñeel, tukkee fa Ki masa nekk, Ki nekk, di Kiy dikk, tukkee it fa boroom juróom ñaari noo ya[*] fa kanam ngànguneem[†],

5 tukkee itam fa Yeesu Almasi bi, seede bu wóor bi, moom taaw bi[‡], ki njëkka dekki, jóge ci ñi dee, di kilifay buuri kaw suuf.

Moom mi nu sopp, yiwee nu deretam, ba nu teqalikook kilifteefu sunuy bàkkaar,

6 ba noppi def nu nuy askanu sarxalkati Buur Yàlla Baayam[§], na ko daraja ak manoore ñeel tey ak ëllëg ba fàww. Amiin.

7 Mu ngoogu di dikk, indaale niir yi,
te ñépp a koy teg bët,
ba ca ña ko jamoon sax,
te giiri kaw suuf yépp ay jooy ndax moom.
Noonu la moos. Amiin.

8 «Man, maay Alfa, di Omega[*]», la Boroom bi Yàlla wax, moom Ki masa nekk, Ki nekk, di Kiy dikk ëllëg, te di Aji Man ji.

### *Yowaan am na peeñu ca dunu Patmos*

9 Man Yowaan seen mbokk mi séddook yeen nattu ak barkeb nguurug Yàlla, ak muñ gi ci Yeesu, maa nga woon fa ñu ma toxaloon, ca dun ba ñuy wax Patmos. Li ko waral di sama waare ci kàddug Yàlla ak seedeel Yeesu.

10 Benn bésub Sang bi, Leerug Yàlla dikkal na ma, ma dégg ci sama gannaaw baat bu xumb nig liit.

11 Mu ne: «Mboolem loo gis, bind ko cib téere, nga yónnee ko juróom ñaari mboolooy gëmkat ña ca dëkk ya ñuy wax Efes ak Esmirna ak Pergam ak Catir ak Sàrd ak Filadelfi ak Lawdise[†].»

---

[*] **1.4** ***juróom ñaari noo ya:*** seetal ci 4.5; 5.6. [†] **1.4** ***ngàngune ma*** mooy fa buur biy toog. [‡] **1.5** ***taaw bi:*** taaw mooy ki njëkka juddu, waaye ab juddu taxul ñuy wax fii. Li Yeesu Almasi bi njëkka dekki ndekkite lu dee toppatul moo tax ñuy wax. Mooy taaw ci kaw darajaam ndax moo sut ñépp, yilif lépp luy mbindeef, te ci darajaam la ñépp di dekkee. [§] **1.6** ***Baayam:*** seetal ci *Luug* 3.23, 38. [*] **1.8** ***Alfa, Omega:*** ci làkku gereg, alfa moo njëkk ci araf yi, omega mujj ci. Kuy Alfa ak Omega nag moo njëkk, moo mujj. [†] **1.11** Dëkk yooyu ñu ngi ci réew mu tudd Tirki tey.

12 Naka laa geestu, di seet kuy wax ak
man, ma daldi gis juróom ñaari tegukaayi
làmp yu wurus.
13 Ca digg tegukaayi làmp ya, jëmm juy
nirook nit‡ a fa nekk. Ma nga sol mbubb
mu tollu ci ndëgguy tànk yi, takkoo
ngañaayal wurus ci dënn bi.
14 Kawaru bopp baa nga weex tàll, gët
ya di tàkk ni sawara,
15 tànk ya mel ni xànjar bu yànj bu ñu
xelli, baat bay riir ni gannaxi géej.
16 Ma nga yor ca loxol ndijooram juróom
ñaari biddiiw, ab saamaru ñaari ñawka bu
ñaw di lange ca gémmiñ ga, xar-kanam baa
nga leer nàñň ni jantub njolloor.
17 Naka laa ko gis, ne dàll daanu ci ay
tànkam ni ku dee. Mu teg ma loxol
ndijooram, ne ma: «Bul tiit. Maay Ki njëkk,
di Ki mujj.
18 Maay Kiy dund, maa dee woon, maay
dund nii tey ak ëllëg ba fàww te maa yor
caabiy dee ak njaniiw.
19 Kon nag bindal li nga gis: Li am nii tey
ak itam liy ñëw gannaaw lii.
20 Kumpa gi ci juróom ñaari biddiiw yi
nga gis ci sama loxol ndijoor, ak juróom
ñaari tegukaayi làmp yu wurus yi, li muy
firi mooy: juróom ñaari biddiiw yi ñoo di
malaakay juróom ñaari mboolooy gëmkat
ñi; juróom ñaari tegukaayi làmp yi ñoo di
juróom ñaari mbooloo yi.»

# 2

## *Bindees na waa Efes*

1 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Efes, bind ko ne ko:
«Lii moo di kàdduy Ki yor juróom ñaari
biddiiw yi ci loxol ndijooram, di doxe digg
juróom ñaari tegukaayi làmp yu wurus yi.
Mu ne:
2 Gis naa say jëf, gis sa liggéey ak sag
muñ. Xam naa ne manuloo dékku ñu bon
ñi. Seetlu nga ñi tuddoo samay ndaw, ba
gis ne ay fen-kat lañu.
3 Xam naa it ne muñ nga te sonn nga
moos ngir man te xàddiwoo.
4 «Waaye li ma la sikke moo di sa cofeel
ga nga jëkke woon, moom nga wacc.
5 Kon nag fàttalikul fu kawe fa nga
xàwweekoo ba fii, te nga tuub, di jëfe jëf ja
nga jëkke woon. Lu ko moy maay dikk ba
fi yaw, daldi jële sa tegukaayu làmp fa
bérebam, ndegam tuubuloo.
6 Waaye lu baax lii nag yaay boroom: ni
ma sibe jëfi ngérum Nikolas*, ni nga ko
sibe.
7 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi. Ku am
ndam nag, maa lay may nga lekk ci
garabu dund gi ci Àjjana, toolub Yàlla.

## *Bindees na waa Esmirna*

8 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Esmirna nag, bind ko ne ko:
«Lii moo di kàdduy Ki njëkk te mujj, Ki
dee woon te dekki. Mu ne:
9 Gis naa sa coono ak sag ñàkk, moona
yaaka duunle! Gannaaw loolu it, waxi
yàq-der yi tukkee ci ñooñu tuddoo Yawut te
duñu Yawut, duñu lenn lu moy jàngub
Seytaane, dégg naa ko.
10 Bul ragal mukk mitit wi nga nara daj.
Seytaanee ngi noonu di dugal kaso ñenn ci
yeen, ngir nattu leen. Dingeen am coono
diiru fukki fan. Nanga saxoo kóllëre ba
dee fekk la ci, ma kaalaa la kaalag dund.
11 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi. Ku am
ndam nag doo loru mukk ci ñaareelu dee
gi†.

## *Bindees na waa Pergam*

12 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Pergam nag, bind ko ne ko:
«Lii moo di kàdduy Boroom saamar bi ci
ñaari ñawka yi. Mu ne:
13 Xam naa fa nga dëkk, fa la Seytaane
samp nguuram. Teewul nga ŋoy ci sama
tur te weddiwoo ne man nga gëm. Nga ŋoy
ci sa ngëm sax, ba bi ñu reyee ca seen biir
Antipas sama seede bu am kóllëre ba, mu
deewe foofa di dëkku Seytaane.

‡ **1.13** Seetal ci *Dañeel* 7.13. * **2.6** ***ngérum Nikolas*** mooy ñiy taafantaloo sañ-sañ bu ñu am, gannaaw bu ñu gëmee Yeesu, ngir daganal yenn aada yu ñaaw yu mel ni lekk lu ñu sarxal ay tuur, ak yebu ci séy yi yoon tere. † **2.11** ***ñaareelu dee gi:*** seetal ci 20.14; 21.8. ‡ **2.14** ***Balaam, Balag:*** Balaam moo doon mbubboo turu yonent, di fexee rëbb bànni Israayil, ngir sàkku alal ci Balag buuru Mowab ci jamonoy Yonent Yàlla Musaa. Seetal ci *Màndiŋ ma* saar 22—23.

14 «Waaye lenn a ngii lu ma lay sikke: yaa
ngi uuf foofu ay nit ñuy saxal njàngalem
Balaam, moom mi doon xiirtal Balag‡ ci
tegal Israayil ndëgg-sërëx, ngir ñu lekk
ñam wu ñu sarxal ay tuur, ak di moy Yàlla.
15 Naka noonu itam yaa ngi uuf ay nit
ñuy saxal njàngalem ngérum Nikolas.
16 Kon nag tuubal. Lu ko moy maay dikk
léegi ba fi yaw, te saamar biy lange sama
gémmiñ, moom laay xareek nit ñooñu.
17 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi. Ku am
ndam nag, maa lay may ci mànn mu làqu
mi, nga lekk, maa lay jox it aw doj wu
weex; ci doj wi ñu bind tur wu bees wu
kenn xamul, ku dul ka ko jot.

## *Bindees na waa Catir*

18 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Catir nag, bind ko ne ko:

«Lii moo di kàdduy Doomu Yàlla ji, ki ay
gëtam mel ni sawara wu yànj, ay tànkam
mel ni xànjar bu ñu jonj. Mu ne:
19 Gis naa say jëf ak sa cofeel ak sa ngëm
ak sa liggéey ak sag muñ. Xam naa ne sa
jëf yu mujj moo ëpp jëf yu njëkk ya.
20 «Waaye lenn laa lay sikke: dangaa
bàyyi Yesabel, jigéen joojuy tuddoo
yonent, muy jàngaleeka réeral sama jaam
ñi, ngir ñuy lekk ñam wu ñu sarxal ay tuur
ak di moy Yàlla.
21 May naa ko ab diir, ngir mu tuub,
waaye moo bëggula tuub ngànctoom.
22 Kon nag maa ngii di ko teg wopp ju ko
tëral, te ñi mu àndal di njaaloo it, maa leen
di teg mitit wu réy, su ñu tuubul jëf ja ñu
koy roye.
23 Am mbas laay faate ay taalibeem. Su
ko defee mboolooy gëmkat ñépp dinañu
xam ne man maay nattu xol ak xel, te
maay fey ku nekk ay jëfam.
24 «Waaye yeen ñi ci des ñépp nag, yeen
waa Catir ñi toppul moomu njàngale te
jotuleena xam loolu ñu naan xóotey
xam-xamu Seytaane, maa ne leen, duma
leen sëf beneen sëf.
25 Ŋoyleen rekk ci li ngeen am, ba kera
may dikk.
26 «Ku am ndam nag, ku saxoo jëf ji ma
soob, ba kera muj ga, maa lay jox sañ-sañ
ci kaw xeet yi:
27 Ni ñuy rajaxee ndaal xandeer,
noonu nga leen di jiiteeji yetu weñ§,
28 te man ci sama bopp, noonee laa jote
sañ-sañ bi ci sama Baay. Maa lay jox itam
biddiiwu njël.
29 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi.

# 3

## *Bindees na waa Sàrd*

1 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca Sàrd
nag, bind ko ne ko:

«Lii moo di kàdduy Boroom juróom ñaari
noo yu Yàlla yi ak juróom ñaari biddiiw yi.
Mu ne: Gis naa say jëf. Dañu laa jàppe kuy
dund te fekk la dee.
2 Teewlul te nga leqali ndes wi ngay
waaja deele. Ndax kat, gisuma sa jëf ju
mat fa sama kanam Yàlla.
3 Kon nag fàttalikul la nga jotoon te dégg
ko, nga sàmm ko, te tuub. Soo teewluwul
nag, dinaa ñëw nib sàcc, te doo xam mukk
wan waxtu laa naa jimeet fi sa kaw.
4 «Moona am nga foofu ci Sàrd nit ñu
néew ñu tilimalul seen mbubb. Ñooñooy
ànd ak man, sol lu weex, ndax ñoo ko
yeyoo.
5 Ku am ndam mooy soloo noonu
mbubb mu weex, te turam, duma ko far ci
téereb dund bi, waaye maa koy wuyul ci
sama kanam Baay ak ay malaakaam.
6 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi.

## *Bindees na waa Filadelfi*

7 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Filadelfi nag, bind ko ne ko:

«Lii moo di kàdduy Ku sell ki, Kiy dëgg, te
yor caabiy Daawuda. Su tijjee ab bunt,
kenn du ko tëj; su ko tëjee, kenn du ko tijji.
Mu ne:
8 Gis naa say jëf. Maa def fi sa kanam,
bunt bu tijjiku bu kenn manula tëj. Ndax
néew nga doole, waaye sàmm nga sama
kàddu te weddiwoo ma.
9 Ñenn ci jàngub Seytaane bi, ñooñuy fen,
di tuddoo ay Yawut te duñuy Yawut, maa

§ **2.27** Seetal ci *Taalifi cant* 2.9.

ngii di leen xiirtal, dikkloo leen, sujjóotloo
leen fi sa kanam, ba ñu xam ne man maa
la sopp.
10 Gannaaw yaa sàmm sama kàddu, ba
muñ ni ma la ko sante, man itam dinaa la
sàmm ci waxtuw nattu biy wàccsi ci àddina
sépp, ngir nattu waa kaw suuf.
11 «Léegi ma ñëw. Ŋoyal ci li nga yor, ngir
kenn baña fëkk sa kaalag ndam.
12 Ku am ndam nag, maa lay def nga
doon ag kenu fi sama biir néegu Yàlla, te
doo fa génnati mukk. Maay bind fi sa kaw
sama turu Yàlla ak sama turu dëkku Yàlla,
te mooy Yerusalem gu bees, giy wàcce fa
kaw, bàyyikoo fa sama Yàlla. Maay bind it fi
sa kaw sama tur wu yees.
13 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi.

## Bindees na waa Lawdise

14 «Malaakam mbooloom gëmkat ña ca
Lawdise nag, bind ko ne ko:

«Lii moo di kàdduy ki tudd Na-amee-nii*,
Seede bi wóor te dëggu, Ndeyu càkktéefu
Yàlla ji. Mu ne:
15 Xam naa say jëf; xam naa ne seddoo,
tàngoo. Su ma sañoon, nga sedd mbaa nga
tàng.
16 Gannaaw nii nga nugge nag; tàngoo,
seddoo, dinaa la yàbbi.
17 Gannaaw yaa ngi naan: “Am naa alal,
barele naa, soxlaatuma dara,” te yaw
xamuloo ni nga toroxe, jara yërëm, ñàkk,
gumba, ne duŋŋ,
18 dama lay digal, nga jënd ci man wurus
wu ñu xellee ci sawara ba mu set wecc,
ngir nga am alal. Jëndal itam yére yu weex
yoo sol, ba làq sa duŋŋaaral gu gàccelu gi;
ak tuufaay looy tuufoo, ngir nga gis.
19 «Man, képp ku ma sopp, maa koy
jubbanti, yar ko. Kon nag farlul te tuub!
20 Maa ngi nii taxaw ci bunt bi, di fëgg.
Ku dégg sama baat, ba ubbil ma, dinaa
agsi moos sa néeg, nu bokk reer.
21 «Ku am ndam nag, maa lay may nga
toog ak man fi sama ngànngune, na ma ame
woon ndam, ba toog ak sama Baay fi
ngànnguneem.
22 «Ku ami nopp kat, na dégg li Noowug
Yàlla wax mboolooy gëmkat ñi.»

* **3.14** ***Na-amee-nii:*** seetal ci *Esayi* 65.16

# 4

## Buur Yàlla toog na ca ngànnguneem

1 Gannaaw loolu damaa xool, rekk yem
ci bunt bu ubbiku fa asamaan. Ci biir
loolu baat ba ma njëkkoona dégg muy wax
ak man te mel nig liit, ne ma: «Yéegal fii,
ma won la liy topp ci loolu.»
2 Leerug Yàlla jekki dikkal ma. Ci kaw
loolu, yemuma lu moy ci am ngànngune mu
tege ca asamaan, mu am ku toog ca
ngànngune ma.
3 Meloom a ngay niru peru jàspë ak peru
sarduwan, ag xon gu mel ni peru emëródd
wër ngànngune ma.
4 Yeneen ñaar fukki gàngune ak ñeent a
ko wër, ñaar fukki mag ak ñeent toog ca
gàngune ya. Ña nga sol mbubb yu weex, ay
kaalay wurus tege ca seen bopp.
5 Ay melax aki kàddu aki dënu ñooy
bawoo ca ngànngune ma, juróom ñaari jumi
sawara di tàkk fa kanam ngànngune ma,
jum ya di juróom ñaari noo yu Yàlla yi.
6 Fi janook ngànngune mi lu mel ni géeju
kiristaal, leer nàñña. Fi wër ngànngune mi ci
wet gu nekk, ñeenti mbindeef a ngi fi, fees
aki bët ci kanam ak ci gannaaw.
7 Mbindeef mu njëkk maa ngi mel ni
gaynde, ñaareelu mbindeef mi mel niw
yëkk, ñetteelu mbindeef mi ame kanamu
nit, ñeenteel ba mel ni jaxaay juy naaw.
8 Ñeenti mbindeef yi am nañu ku nekk
juróom benni laaf, fees aki bët ba daj, biir
ak biti, te guddi ak bëccëg duñu selaw,
xanaa naan:
«Kee sell, Kee sell, Kee sell,
Keey Boroom bi Yàlla Aji Man ji,
Kee masa nekk, Kee nekk, Keey dikk.»
9 Saa su mbindeef ya di màggal aka teral
aka sant Boroom toogaayu ngànngune miy
dund ba fàww,
10 ñaar fukki mag ñeek ñeent ne gurub sukk
fi kanam ki toog ci ngànngune mi, di ko
sujjóotal, moom miy dund ba fàww. Ñuy
sànni seeni kaala fi kanam ngànngune mi te
naan:
11 «Yàlla sunu Boroom, yaa yeyoo daraja
ak worma ak manoore,
ndaxte yaa sàkk lépp,
lépp lu am, yaw la soob,

nga sàkk ko.»

## 5

*Xarum Yàlla jël na téere ba*

[1] Ci biir loolu ma gis ci loxol ndijooru ki
toog ci ngàngune mi téere bu ñu taxañ bu
ñu bind biir ak biti, tay ko juróom ñaari
tayu.
[2] Ma gis malaaka mu am doole, muy
yéenee baat bu xumb, naan: «Ana ku yeyoo
tàyyi tayuy téere bii, ubbi ko?»
[3] Du kenn nag ci asamaan mbaa kaw
suuf, mbaa biir suuf, ku manoona ubbi
téere bi, ba yër ko.
[4] Ma jooy jooy yu metti, ndax giseesul
kenn ku yeyoo ubbi téere bi, ba yër ko.
[5] Kenn ci mag ñi ne ma: «Bul jooy. Ma
ne, Gayndeg giirug Yuda, njebbital Buur
Daawuda daan na. Mooy ubbi téere beek
juróom ñaari tayoom.»
[6] Ma daldi gis kuuyum xar mu ndaw mu
mel ni lu ñu rendi, mu taxaw fi digg
ngàngune mi, ñeenti mbindeef yeek mag ñi
yéew ko. Xar mi juróom ñaari béjjén la am,
ak juróom ñaari bët, di juróom ñaari noowi
Yàlla yi ñu yebal ci àddina sépp.
[7] Xar mi dikk, jël téere bi ci loxol
ndijooru ki toog ci ngàngune mi.
[8] Ba mu jëlee téere bi, ñeenti mbindeef yi
ak ñaar fukki mag ñeek ñeent ne gurub
sukk fi kanamam, ku nekk yor xalam ak
andi wurus yu fees ak cuuraay, cuuraay li
di ñaani aji sell ñi.
[9] Ñuy woy nag woy wu yees, naan:
«Yaa yeyoo jël téere bi,
tàyyi tayu yi,
ndax yaw lañu rendi,
te sa deret nga jote
ay niti gépp giir ak wépp làkk ak wépp xeet
ak wépp askan,
ñu doon ñoñi Yàlla.
[10] Yaa leen def ñu doon nguurug sarxalkat
yi, ñeel sunu Yàlla,
te dinañu nguuru ci àddina.»
[11] Ma xoolaat, daldi dégg baati malaaka
yu bare, ñu yéew ngàngune mi ak mbindeef
yi ak mag ñi, seen lim di ay junni, ba ci
junniy junni.
[12] Ña ngay àddu ca kaw, naan:
«Xar mi ñu rendi woon moo yeyoo kàttan
ak alal,
yeyoo xel ak doole,
moo yeyoo worma, yeyoo darajaak cant.»
[13] Ba loolu amee mboolem ndundati
asamaan ak kaw suuf ak biir suuf ak géej
ak mboolem li ci seen biir, ñoom ñépp di
wax, may dégg, naan:
«Ki toog ci ngàngune mi ak Xar mi,
nañu jagoo cant ak worma ak darajaak
kàttan,
tey ak ëllëg ba fàww.»
[14] Ñeenti mbindeef yi ne: «Amiin.» Mag ñi
ne gurub sukk, sujjóot.

## 6

*Xar mi tàyyi na tayu yi*

[1] Ma gis nag Xar mi di tàyyi genn ci
juróom ñaari tayu yi. Ci biir loolu ma dégg
kenn ci ñeenti mbindeef yi àddoo baat buy
riir ni dënu, ne: «Dikkal!»
[2] Ma xool rekk, gis fas wu weex,
gawaram yor ag fitt. Ñu jox ko kaala, mu
daldi aw ci yoonu daan-kat, ngir daani.
[3] Ba Xar mi tàyyee ñaareelu tayu bi, ma
dégg ñaareelu mbindeef mi ne: «Dikkal!»
[4] Weneen fas ne jimeet, di wu xonq, ñu
may gawaram mu jële jàmm ci kaw suuf,
ngir nit ñi di reyante ci seen biir. Ñu jox ko
saamar bu mag.
[5] Ba mu tàyyee ñetteelu tayu bi, ma dégg
ñetteelu mbindeef mi ne: «Dikkal!» Ma xool
rekk, gis fas wu ñuul, gawaram yor ab
màndaxekaay.
[6] Ma dégg lu mel ni baat bu jibe ci
diggante ñeenti mbindeef yi, ne: «Benn kilo
peppu bele, peyu bëccëgu lëmm; benn kilo
peppu lors, peyu bëccëgu lëmm, te diw ak
biiñ, bu ko kenn yàq.»
[7] Ba Xar mi tàyyee ñeenteelu tayu bi, ma
dégg ñeenteelu mbindeef mi ne: «Dikkal!»
[8] Ma xool rekk, gis fas wu gel, turu
gawaram di Dee, njaniiw topp ci moom.
Ñu jox ko sañ-sañ ci ñeenteelu xaaju àddina,
ngir muy bóome saamar akub xiif, di
bóome mbas ak ay rabi àll.
[9] Ba mu tàyyee juróomeelu tayu bi, ma gis
ci suufu sarxalukaay bi, ruuwi ñi ñu bóom
ndax kàddug Yàlla ak seede si ñu ci seede.

10 Ñu àddu ca kaw ne: «Buur bu sell, bu
dëggu bi, loo deeti xaar ci àtte waa àddina,
ngir feyul nu sunu deret ji tuuru?»
11 Ñu jox ku ci nekk mbubb mu weex, ne
leen ñu négandiku tuuti, ba kera seeni bokk
ak ñi ñu bokkal liggéey bi, te ñu war leena
bóom ni ñoom, ñépp dikk, ba lim bi mat.
12 Ma gisati bi muy tàyyi juróom
benneelu tayu bi, suuf daldi yëngu bu
baaxa baax, jant bi ñuul kukk, weer wi
wépp xonq curr ni deret.
13 Biddiiw yi fàqe asamaan, wadd ci
suuf, ni doom yu xaay yu ngëlén gësëm
seen ndey.
14 Asamaan si dellu ni basaŋ gu ñu
taxañ, tund yépp ak dun yépp toxoo fa ñu
nekkoon.
15 Ba mu ko defee buuri àddina yeek
kilifa yeek njiiti gàngoor yeek boroom alal
yeek boroom doole yeek mboolem jaam
yeek gor ñi, ñépp làquji ci xunt yeek doji
tund yi.
16 Ñu ne tund yeek doj yi: «Daanuleen ci
sunu kaw, làq nu kanamu ki toog ci
ngàngune mi ak sànjum Xar mi,
17 ndax seen bésub sànj bu mag taxaw
na, ana ku ko àttan?»

# 7

## *Jaamukati Yàlla yi mucc nañu*

1 Gannaaw loolu ma gis ñeenti malaaka
yu taxaw ci ñeenti colli àddina. Ña nga téye
ñeenti ngelawi àddina, ngir ngelaw baña
wale fenn; du ci jéeri, du ci géej, du ci genn
garab.
2 Ma gis meneen malaaka, mu yéege
penku, yore torluwaayu Yàlla jiy dund.
Mu àddu ca kaw, wax ak ñeenti malaaka ya
ñu mayoon ñu yàq géej ak jéeri,
3 ne leen: «Buleen yàqagum jéeri ji ak géej
gi ak garab yi, li feek torluwunu ci jëwi ñiy
jaamu sunu Yàlla, màndargaale leen.»
4 Ma dégg limub ña ñu màndargaale
torluwaay ba; téeméeri junni ak ñeent fukk
ak ñeent (144 000), bawoo ci mboolem giiri
bànni Israayil:
5 Giirug Yuda, fukki junneek ñaar (12 000)
laañu ci màndargaal,
giirug Ruben, fukki junneek ñaar,
giiru Gàdd, fukki junneek ñaar,
6 giirug Aser, fukki junneek ñaar,
giirug Neftali, fukki junneek ñaar,
giirug Manase, fukki junneek ñaar,
7 giirug Simeyon, fukki junneek ñaar,
giirug Lewi, fukki junneek ñaar,
giirug Isaakar, fukki junneek ñaar,
8 giirug Sabulon, fukki junneek ñaar,
giirug Yuusufa, fukki junneek ñaar,
giirug Beñamin, fukki junneek ñaar.

## *Mbooloo mu réy am na ndam*

9 Gannaaw loolu ma jekki gis mbooloo
mu réy mu kenn manula waññ, ñu bawoo
ci askan yépp ak giir yépp ak xeet yépp ak
làkk yépp. Ñu ngi taxaw fi kanam ngàngune
mi ak Xar mi, sol mbubb yu weex, jël ay
cari garabi tàndarma.
10 Ña ngay àddu ca kaw, naan:
«Texee ngi fi sunu Yàlla, ki toog ci ngàngune
mi,
ak ci Xar mi!»
11 Malaaka yépp a nga taxaw, yéew
ngàngune ma ak mag ñaak ñeenti mbindeef
ya. Ñu ne gurub sukk, dëpp seen jë fa
kanam ngàngune ma, sujjóotal Yàlla,
12 ne: «Amiin! Na sunu Yàlla jagoo màggal
ak daraja ak xel ak cant ak worma ak
kàttan ak doole, tey ak ëllëg ba fàww.
Amiin!»
13 Ci kaw loolu kenn ci mag ñi ne ma:
«Boroom mbubb yu weex yii, ñooy ñan ak
fan lañu jóge?»
14 Ma ne ko: «Sama sang, loolu de xanaa
yaa ko xam.» Mu ne ma:
«Ñoo di ñi jóge ca nattu bu réy ba.
Fóot nañu seeni mbubb, ba weexal ko ci
deretu Xar mi.
15 Loolu moo leen taxa teew fi kanam
ngàngunem Yàlla,
di ko jaamu ci biir màkkaanam guddi ak
bëccëg,
te ki toog ci ngàngune mi moo leen di yiir.
16 Dootuñu xiif, dootuñu mar.
Dootuñu loru ci jant bi mbaa weneen
tàngoor,
17 ndaxte Xar mi ci diggu ngàngune mi moo
leen di sàmm,
yóbbu leen ca bëti ndoxum dund ma,
te Yàllaa leen di fompal wépp rongooñ.»

# 8

## *Xar ma tàyyi na juróom ñaareelu tayu ba*

1 Bi Xar mi tàyyee juróom ñaareelu tayu bi
nag, asamaan da ne selaw lu mat
genn-wàllu waxtu.
2 Ci kaw loolu ma gis juróom ñaari
malaaka yi taxaw fi kanam Yàlla, ñu jox
leen juróom ñaari liit.
3 Bi loolu amee meneen malaaka dikk,
taxaw ci wetu sarxalukaay bi. Mu ngi yor
andu cuuraayu wurus. Ñu jox ko cuuraay
lu bare, ngir mu boole kook ñaani
mboolem aji sell ñi, joxe ko ci kaw
sarxalukaayu wurus bi ci kanam
ngàngune mi.
4 Saxaaras cuuraay laa ngi gillee ci loxol
malaaka mi, ànd ak ñaani ñu sell ñi, di yéeg
fa Yàlla.
5 Malaaka mi jël andu cuuraay bi, tibbe
ci sarxalukaay bi ay xal ba and bi fees. Mu
daldi koy sànni ci kaw àddina, noonu rekk
ag dënu riir, kàddu ràndaŋ, ag melax tàkk,
suuf yëngu.

## *Liit yi jib na*

6 Ba mu ko defee juróom ñaari malaaka
yi yor juróom ñaari liit yi di waaja liit.
7 Malaaka mu njëkk mi wal liitam, tawu
doji yuur topp ci, ak sawara wu ànd ak
deret, ñu boole lépp sànni ci kaw suuf,
ñetteelu xaaju suuf si daldi lakk, ñetteelu
xaaju garab yi it lakk, ñax mu naat mépp
lakk.
8 Ñaareelu malaaka mi wal liitam, mu am
lu mel ni tund wu réy wuy tàkk, ñu sànni
ko ci géej gi, ñetteelu xaaju géej gi soppiku
deret,
9 ñetteelu xaaju bindeefi géej dee,
ñetteelu xaaju gaal yi yàqu yaxeet.
10 Ñetteelu malaaka mi wal liitam,
biddiiw bu réy buy tàkk nig jum
xàwweekoo asamaan, wadd ci kaw ñetteelu
xaaju dex yi ak bëti ndox yi.
11 Biddiiw bi Wextan la tudd. Ñetteelu
xaaju ndox yépp la wexal, ñu bare naan ci,
daldi dee, ndax wextanu ndox mi.
12 Ñeenteelu malaaka mi wal liitam, mu
dal ñetteelu xaaju jant bi, ak ñetteelu xaaju
weer wi, ak ñetteelu xaaju biddiiw yi, ba
tax seen ñetteelu xaaju leer giim, ñetteelu
xaaju bëccëg bi daldi lëndëm, ñetteelu
xaaju guddi gi it gëna lëndëm.
13 Ma xoolaat, daldi dégg jenn jaxaay ju
naawe digg asamaan. Mu àddu ca kaw ne:
«Wóoy, wóoy, wóoy, musibay waa àddina yiy
sababoo ci yeneen baati liit yi ñetti
malaaka yi ci des, di waaja liit.»

# 9

1 Juróomeelu malaaka mi wal liitam, ma
gis, biddiiw bu xàwweekoo woon asamaan,
ba wadd ci kaw suuf. Ñu jox ko caabiy
kàmbu xóote ba.
2 Mu ubbi buntu kàmbu xóote ba, saxaar
su mel ni saxaaras taal bu mag jollee ca,
jant bi ak jaww ji, lépp lëndëm ndax
saxaaras kàmb gi.
3 Ba loolu amee ay njéeréer génne ci
saxaar si, daldi tasaaroo ci biir àddina, ñu
may leen ñuy fitte ni jànkalaar.
4 Ñu ne leen, buñu laal mennum ñax,
mbaa genn gàncax, mbaa genn garab,
xanaa ñu jublu rekk ci nit ñi amul
màndargam torluwaayu Yàlla ci seen jë.
5 May nañu leen ñu mitital leen diiru
juróomi weer, te bañ leena rey, xanaa
mitital leen lu tembook mititu fittu
jànkalaar.
6 Bési keroog nit ñeey sàkku dee, te duñu
ko daj, ñu ne siiwa dee, dee daw leen.
7 Njéeréer yaa ngi nirook fas yu ñu
waajal ngir xare, kaalawoo lu mel ni
kaalay wurus, seen kanam nirook
kanamu nit,
8 seen kawar mel ni kawaru jigéen,
seeni sell nirook selli gaynde.
9 Ñu ngi sol kiiraayi dënn yu mel ni
kiiraayi weñ gu ñuul, seen coowal laaf yi
mel ni coowal watiiri xare yu bare.
10 Geen gu am fitt lañu am ni jànkalaar.
Daŋaru geen googu mooy manoore bi ñu
am ngir mitital nit ñi diiru juróomi weer.
11 Seen buur a leen jiite, di malaakam
xóote bi, turam ci ebrë di Abadon;
Apolyon ci làkku gereg (muy firi Yàqkat bi).
12 Naka la musiba mu njëkk mi jàll rekk,
yeneen ñaari musiba dikk, topp ci.
13 Ba mu ko defee juróom benneelu
malaaka mi wal liitam. Ma dégg baat bu
jóge ci ñeenti béjjéni sarxalukaayu wurus
bi ci kanam Yàlla.

14 Baat bi wax ak juróom benneelu
malaaka mi yor liit, ne ko: «Yiwil ñeenti
malaaka ya yeewe ca Efraat, dex gu mag
ga.»
15 Ca lañu yiwi ñeenti malaaka ya ñu
waajaloon ñeel waxtu woowu, ci bés
boobu, weer woowu, at moomu, ngir ñu
rey ñetteelu xaaju nit ñi.
16 Limu gawari mbooloo ma doon xareji
ñaari téeméeri junniy junni la (200 000 000).
Maa dégg lim bi.
17 Nii laa gise ci peeñu mi fas yi ak ñi
leen war: ñu ngi sol kiiraay yu xonq ni
sawara, baxa ni safiir, te mboq ni
tamarax. Boppi fas yaa ngi nirook boppi
gaynde, sawara ak saxaar ak tamarax di
génne ci seen gémmiñ.
18 Ñetti musiba yooyii, sawara seek
saxaar seek tamarax biy génne ci seen
gémmiñ, daldi rey ñetteelu xaaju nit ñi.
19 Daŋaru fas yaa ngi ci seen gémmiñ ak
ci seen geen, ndax seen geen yaa ngi mel
ni ay jaan, ami bopp yu ñuy mititalee.
20 Ndesu nit ñi musiba yooyii reyul nag,
taxul sax ñu tuub seeni jëf, ba bañatee
jaamu ay tuur, ak jëmmi xërëmi wurus ak
xaalis ak xànjar ak xeer ak dénk: xërëm yu
gisul, déggul, doxul.
21 Rax ci dolli, tuubuñu bóome gi ak
ñeengo gi ak séy yi yoon tere ak càcc gi ñu
nekke.

# 10

## *Àtte bu mujj ba agsi na*

1 Ci kaw loolu ma gis meneen malaaka
mu am doole, muy wàcce asamaan, làmboo
aw niir, ag xon tege ci bopp bi, kanam gi
mel ni jant bi, tànk yi mel ni jumi sawara.
2 Mu ngi yor ab téere bu ndaw bu ñu
ubbi. Mu teg tànku ndijooram ci géej gi, teg
tànku càmmoñam ci jéeri ji.
3 Mu xaacu ca kaw, mel ni gaynde guy
yëmmu. Naka la xaacu, juróom ñaari dënu
jib.
4 Naka la juróom ñaari dënu yi jib, may
waaja bind, daldi dégg baat bu jóge
asamaan, ne ma: «Loolu juróom ñaari dënu
yi wax de, gas ko, suul, bu ko bind.»
5 Ba mu ko defee malaaka ma ma gisoon
mu ŋarale géej geek jéeri ji, yékkati loxol
ndijooram, jëme asamaan.
6 Mu giñ ci kiy dund ba fàww, ki sàkk
asamaan ak li ci biiram, ak suuf ak li ci
biiram, ak géej ak li ci biiram. Mu ne:
«Négandiku wees na,
7 waaye bu bési kàddug juróom ñaareelu
malaaka mi taxawee, ba mu tàmbalee wal
liit gi, su keroogee pexem Yàlla miy kumpa
dina sotti, na mu ko waxe woon ay
jaamam, yonent yi.»
8 Ba loolu amee baat ba ma déggoon, mu
bawoo asamaan, dellu wax ak man, ne
ma: «Demal jël téere bu ndaw bi ñu ubbi ci
loxol malaaka mi ŋarale géej geek jéeri ji.»
9 Ma dem ba ci malaaka mi, ne ko mu
jox ma téere bu ndaw bi. Mu ne ma: «Jël ko
te lekk ko. Dina wex ci sa biir nag, waaye
ni lem lay neexe ci sa gémmiñ.»
10 Ma jël téere bu ndaw bi ci loxol
malaaka mi, lekk ko, mu neex ci sama
gémmiñ ni lem, waaye naka laa ko wann,
mu wex xàtt ci sama biir.
11 Gannaaw loolu ñu ne ma: «War ngaa
yékkatiwaat ay kàdduy waxyu jëmale ci xeet
yu bare ak askan yu bare ak niti làkk yu
bare ak buur yu bare.»

# 11

## *Ñaari seede yi bey nañu seen waar*

1 Ba loolu amee ñu jox ma nattukaay bu
mel niw yet, ne ma: «Jógal, natt néegu Yàlla
bi ak sarxalukaay bi, te nga wañ̈ñ ña fay
jaamu Yàlla.
2 Waaye ëttu bitib kër Yàlla gi, bàyyi ko,
bu ko natt, ndax ñi dul Yawut lees ko jox,
te ñooy dëggaate dëkk bu sell bi diiru ñeent
fukki weer ak ñaar.
3 Dinaa may nag sama ñaari seede yi, ñu
jottali kàdduy waxyu diiru junni fan ak
ñaari téeméer ak juróom benn fukk (1 260)
yu ñuy sol ay saaku, di ko toroxloo.»
4 Ñaari seede yi ñoo di ñaari garabi oliw*
yeek ñaari tegukaayi làmp yi taxaw ci
kanam Boroom suuf si.
5 Ku leen nara lor, sawaraay génne ci
seen gémmiñ, lakk seeni noon. Képp ku
leen nara lor, noonu ngay deewe.

* **11.4 *oliw:*** garabu oliw dafa xawa mel ni sump, te am doom yu ñuy nal, ngir am ci diw gu ñuy togge, mbaa ñu di ko taaloo.

6 Am nañu sañ-sañu tëj asamaan, ba du
taw diiru fan yi ñuy jottali kàdduy waxyu,
am nañu itam sañ-sañ ci ndox mi, ngir
soppi ko deret, ak sañ-sañu wàcce ci suuf
wépp xeetu musiba, saa su leen soobee.
7 Gannaaw bu ñu seedee ba noppi nag,
rab wiy jóge ci xóote bi mooy xareek ñoom,
daan leen, ba rey leen.
8 Seeni néew da naan lareet ci péncum
dëkk bu mag boobu ñuy misaale turu
Sodom mbaa Misra, fa ñu reye woon seen
Sang ci bant.
9 Diiru ñetti fan ak genn-wàll lañuy
weeru, niti wépp xeet ak gépp giir ak wépp
làkk ak wépp askan di seetaan seeni néew,
te duñu bàyyi kenn suul leen.
10 Waa àddina dinañu bége seen dee, di
bànneexu, di joqalante ay njukkal, ndaxte
ñaari yonent yooyu ñoo lakkaloon waa
àddina.
11 Waaye bu ñetti fan yeek genn-wàll
wéyee, noowug dund giy bawoo fa Yàlla
moo leen di solu, ñu jóg, taxaw, tiitaange
ju réy daldi jàpp waa ceetaan ma.
12 Ba loolu amee ñaari seede yi dégg baat
bu xumb jibe asamaan, ne leen: «Yéegleen
fii.» Ñu yéeg ci asamaan ci biir aw niir,
seeni noon di gis.
13 Ca waxtu wa, suuf daldi yëngu lool, ba
benn fukkeelu dëkk ba màbb. Juróom ñaari
junniy nit (7 000) dee ci yëngub suuf ba, ña
ca des tiit, di sàbbaal Yàllay asamaan.
14 Ñaareelu musiba mi wéy na, waaye kat
ñetteel baa ngi nii di ñëw.

## *Juróom ñaareelu liit ga jib na*

15 Ba mu ko defee, juróom ñaareelu
malaaka mi wal liitam, baat yu xumb jibe
ca asamaan, ne:
«Léegi nag nguurug àddina ñeel na sunu
Boroom ak Almaseem.
Mooy nguuru ba fàww.»
16 Ba loolu amee ñaar fukki mag ak ñeent,
ña toogoon ca seen ngàngune ca kanam
Yàlla, daldi ne gurub sukk, dëpp seen jë ca
suuf, sujjóotal Yàlla.
17 Ñu ne:
«Boroom bi Yàlla Aji Man ji nekk te
nekkoon,
nu ngi lay gërëm,
ndax yaa ràngoo sa kàttan gu màgg,
taxawal sa nguur.
18 Askan yee meroon,
waaye sa mer a dikk tey;
tey jii ngay àtte ñi dee,
yool say jaam, yonent yi,
yool ñu sell ñeek ñi la ragal, mag ak ndaw,
tey it ngay sànk ñiy sànk àddina.»
19 Ci kaw loolu néegu Yàlla bi ci asamaan
ubbiku, gaalu kóllëreg Yàlla ga di feeñ ca
biir màkkaanam ma, melax ya tàkk, kàddu
yaak dënu ya riir, suuf sa yëngu, tawu doji
yuur bu metti daldi sóob.

# 12

## *Ninki-nanka ji fexeel na ndaw si*

1 Firnde ju màgg nag moo feeñoon
asamaan: Ndaw su làmboo jant bi, weer wi
ronu ndëgguy tànk yi, mu kaalawoo fukki
biddiiw ak ñaar.
2 Jigéenu wérul juy matu la. Mu ngi
yuuxu ndax mititu mat wu tar.
3 Ci kaw loolu jeneen firnde feeñ
asamaan. Du lenn lu dul ninki-nanka ju
réy, xonq curr, am juróom ñaari bopp ak
fukki béjjén, juróom ñaari mbaxanay buur
tege ci bopp yi, bopp bu ne, menn.
4 Geenam gi daldi buube fa asamaan
benn ñetteelu biddiiw yi, rattax leen ci
suuf. Ninki-nanka jaa ngi taxaw ci kanam
ndaw siy matu, ngir bu xale bi juddoo
rekk, mu lekk ko.
5 Ndaw si nag wasin doom ju góor, te
muy ki wara yilif xeeti àddina yépp, di leen
jiitee yetu weñ. Ci kaw loolu ñu fëkk doom
ja, yóbbu fa Yàlla, ca ngànguneem.
6 Ndaw si nag daw, ba ca màndiŋ ma, ci
ab rawtu bu ko Yàlla waajaloon, ngir ñu
leel ko fa diiru junni fan ak ñaari téeméer
ak juróom benn fukk (1 260).
7 Ab xare nag jibe fa asamaan. Mikayel
aki malaakaam di xareek ninki-nanka ji,
ninki-nanka jeeki malaakaam it di xare,
8 ñu néewal leen doole, ba amatuñu fu ñu
nekk ci asamaan.
9 Ñu xalab ninki-nanka ju réy ja, jaanu
cosaan joojee ñuy wax Tuumaalkat bi, di
ko wax Seytaane, naxekatu mboolem
àddina. Ci kaw suuf lañu ko xalab, mooki
malaakaam.
10 Ci kaw loolu ma dégg baat bu xumb
bawoo asamaan, ne:

«Léegi nag texe teew na,
ànd ak sunu kàttanu Yàlla ak nguuram,
ak sañ-sañu Almaseem,
ndax xalab nañu ki daan tuumaal sunu bokk yi,
di leen sosal guddeek bëccëg fi sunu kanam Yàlla.
11 Sunu bokk yee daan ndax deretu Xar mi,
ak seen kàddug seede,
te soppuñu seen bakkan ba ragala dee.
12 Kon nag yaw asamaan, bégal,
yaak mboolem ñi ci sa biir!
Waaye wóoy ngalla yeen, géej ak jéeri,
yeen ñi Seytaane wàccaale mer mu tàng fi yeen,
ndax xam ne fan yu néew a ko dese.»
13 Ninki-nanka ja nag xam ne xalab
nañu ko ci kaw suuf, mu ne dann ndaw sa
jur doom ju góor ja.
14 Ñu jox ndaw si ñaari laafi jaxaay ja,
ngir mu naaw, rëcc ninki-nanka ji, dem ca
màndiŋ ma, ca rawtoom ba ñu koy leele lu
tollook ñetti diir ak genn-wàll*.
15 Ba mu ko defee ninki-nanka ji buusu
ndox mu bare ni dex, ndox ma topp ndaw
sa, ngir wal ma yóbbaale ko.
16 Ci kaw loolu suuf wallu ndaw sa, ŋa,
daldi naan dex ga gémmiñu ninki-nanka ja
buusu woon.
17 Ninki-nanka ja mere ndaw sa, daldi
dem, xeexi ak ndesu doomam yi topp
santaaney Yàlla tey saxoo seedeel Yeesu.
18 Mu taxaw nag ca tefesu géej ga.

# 13

## *Ñaari rab yu aay falu nañu*

1 Ci kaw loolu ma gis rab wu génne ci
géej gi, am juróom ñaari bopp ak fukki
béjjén, béjjén yi sol fukki mbaxanay buur,
béjjén bu ne menn, bopp bu nekk ak tur
wuy saaga Yàlla.
2 Rab wi ma gis ni segg la mel, tànk yi
mel ni yu urs, di rab wu ñàng, gémmiñ gi
mel ni gu gaynde. Ninki-nanka ji jox ko
kàttanam ak nguuram ak sañ-sañam bu réy.
3 Benn ci bopp yi nag, rab wi da cee
gaañu ba mel ni lu ñu rendi, ba mu dee.
Teewul gaañu-gaañu boobu ko waroona
rey daldi wér. Waa àddina sépp yéemu, topp
rab wi.
4 Ba loolu amee ñu sujjóotal ninki-nanka
ji ndax la mu jox rab wi sañ-sañ bi, di
sujjóotal rab wi, naan: «Ana kuy moroomu
rab wii, ak ku mana xeex ak moom?»
5 Ñu may rab wi nag muy kañu aka
saaga Yàlla, may ko it mu saña wéye noonu
diiru ñeent fukki weer ak ñaar.
6 Muy tifaare Yàlla ay saaga, di saaga aw
turam ak màkkaanam ak ñi dëkke asamaan.
7 Ñu may ko itam mu xareek ñu sell ñi,
duma leen, boole ci may ko sañ-sañ ci kaw
niti gépp giir ak wépp xeet ak wépp làkk ak
wépp askan.
8 Mboolem waa àddina di ko sujjóotal,
maanaam mboolem ñi ñu bindul seen tur
ca ndoortel àddina ci téereb dund* bu Xar
mi ñu rendi.
9 Ku ami nopp kat, na dégg.
10 Ku ñu wara jàpp njaam,
njaam nga jëm;
ku wara deewe saamar,
saamar ngay deeweji.
Looloo tax ñu sell ñi wara saxoo muñ ak
ngëm.
11 Ci kaw loolu ma gis weneen rab wu
génne ci suuf, am ñaari béjjén ni am
kuuyum xar mu ndaw, tey wax ni
ninki-nanka.
12 Muy jëfe mboolem sañ-sañu rab wu
njëkk wa, ci turu rab wu njëkk wa, di sant
suuf ak ñi ko dëkke ñu sujjóotal rab wu
njëkk woowu gaañu woon ba nara dee te
mujj wér.
13 Ñaareelu rab wi nag di def kéemaan yu
réy, bay wàcce ci kaw suuf sawara wu jóge
asamaan, nit ñi di gis.
14 Ñaareelu rab wi nag nax waa àddina ci
kéemaan yi mu am sañ-sañu def ci turu rab
wu njëkk wi. Mu sant waa àddina, ñu sàkk
jëmmu rab wi ñu jamoon saamar te muy
wéye bakkanam.
15 Gannaaw loolu mayees na ko mu sol
ag noo jëmmu rab wu njëkk wi, ba muy
wax, di reylu képp ku ko sujjóotalul.
16 Ba mu ko defee, mag ak ndaw,
boroom alal ak baadoolo, as gor akub
jaam, ñépp, mu defal leen màndargam
loxol ndijoor mbaa jë,

* **12.14 *ñetti diir ak genn-wàll:*** seetal ci aaya 6 (12.6).

* **13.8 *téereb dund bi:*** seetal ci 17.8.

17 ba kenn du mana jënd mbaa jaay te
amul màndargam turu rab wi mbaa lim bi
méngook turam.
18 Fii nag xel la laaj: ku amug dégg, na
waññ limu rab wi, ndax boobu lim turu
nit la taxawe, di juróom benni téeméer ak
juróom benn fukk ak juróom benn (666).

## 14

### Kuréel gu sell gi topp na Xar mi

1 Ma xoolaat, gisuma lu moy Xar mi fa
mu taxaw ci kaw tundu Siyoŋ* ak téeméer
ak ñeent fukk ak ñeenti junniy nit (144 000)
ñu ànd ak moom, te ñu bind ci seen jë turu
Xar mi ak turu Baayam.
2 Ma dégg baat bu jóge ci asamaan,
nirook riirum géej, mel ni dënu gu réy,
melati ni ay xalamkat yuy xalam.
3 Ña ngay woy woy wu yees ca kanam
ngàngune ma, ca kanam ñeenti mbindeef
yaak mag ña, te kenn manula mokkal woy
wi, ñu dul téeméer ak ñeent fukk ak ñeenti
junni ñooñu ñu jote àddina.
4 Ñooñu ñooy ñi masula ànd ak jigéen, di
sobeel seen bopp, ndax masuñoo séy.
Ñooñoo topp Xar mi fépp fu mu jëm. Ñooñu
lañu jote ci biir nit ñi, def leen lu mel ni
saraxu ndoortel meññeef, ñeel Yàlla ak Xar
mi,
5 te kàddug fen masula jibe seen gémmiñ.
Amuñu benn gàkk-gàkk.

### Ñetti malaaka yégle nañu àttey Yàlla

6 Ci kaw loolu ma gis meneen malaaka
muy naaw ci digg asamaan, ànd ak
xibaaru jàmm bi sax dàkk, ngir baaxe ko
waa àddina: niti wépp askan ak gépp giir ak
wépp làkk ak wépp xeet.
7 Ma ngay àddu ca kaw, naan: «Ragalleen
Yàlla te màggal ko, ndax waxtuw àtteem jot
na. Kon nag jaamuleen ki sàkk asamaan
ak suuf ak géej ak bëti ndox yi.»
8 Meneen malaaka topp ci, di ñaareel bi.
Mu ne: «Babilon a daanoo, dëkk bu mag ba
daanu na! Moom ma daan màndal
askanoo askan biiñu moyam miy indi am
sànj.»
9 Meneen malaaka topp ci, di ñetteel bi.
Mu àddu ca kaw, ne: «Képp ku sujjóotal rab
wi ak jëmm ji ñu ko sàkkal, ba ñu defal ko
màndargam jë mbaa loxo,
10 kooku dina naan biiñu sànjum Yàlla bu
kenn raxul, ñu xelli ko ci kaasu sànjam. Te
dees na ko mbugale sawara ak tamarax ci
kanam malaaka yu sell yi ak Xar mi.
11 Seen saxaaru sawaras mbugal day
saxoo dàkk, di gilli ba fàww. Guddeek
bëccëg, ñooñuy sujjóotal rab wi ak jëmm ji
ñu ko sàkkal, ak mboolem ku ñu
màndargaale turu rab wi, kenn du ci
noppalu.»
12 Kon nag ñu sell ñiy wormaal
santaaney Yàlla te saxoo gëm Yeesu, looloo
tax ñu wara muñ.
13 Ci kaw loolu ma dégg baat bu jibe
asamaan ne: «Bindal: “Bés niki tey
ndokkalee aji dee ñi deewaale gëm Sang
bi.”» Noowug Yàlla nee: «Waawaaw, ndax
coono dina leen wàcc, ngir seeni jëf a leen
topp.»

### Ngóobum àddina tar na

14 Ma xoolaat, gisuma lu moy niir wu
weex, ak jëmm ju ca toog, di nirook doom
aadama, kaalawoo kaalag wurus, ŋàbb ab
sàrt bu ñaw.
15 Meneen malaaka génne ca néegu Yàlla
ba, daldi àddu ca kaw, wax ak ki toog ci
niir wi, ne ko: «Dawalal sa sàrt te góob,
ndaxte góob jot na, ngóobum àddina ñor
na.»
16 Ci kaw loolu ki toog ci kaw niir wi
dawal sàrtam ci kaw suuf, daldi góob
àddina.
17 Meneen malaaka nag génne ca néegu
Yàlla ba ca asamaan, ŋàbb moom itam sàrt
bu ñaw.
18 Ba loolu amee meneen malaaka mi
yilif sawara, jóge ca sarxalukaay ba, daldi
àddu ca kaw, wax ak malaaka mi yor sàrt
bu ñaw bi, ne ko: «Dawalal sa sàrt bu ñaw bi,
nga dagg cëggi reseñ gi ci àddina, ndax
reseñ ji ñor na.»
19 Malaaka ma dawal sàrtam ci àddina,
dagg reseñ ji, sànni ci biir nalukaay bu
mag bu sànjum Yàlla ba.
20 Ñu dëggaate reseñ ja ca nalukaay ba ca
gannaaw dëkk ba, deret génne ca, taa ba
tollook laabi fas yi, wal a wal ba dajal
digganteb ñetti téeméeri kilomet.

* **14.1 *tundu Siyoŋ*** mooy tund wa ñu tabax Yerusalem ci kawam.

# 15

## *Musibay mujjantal agsi na*

1 Ma xoolaat, gisuma ci asamaan lu moy jeneen firnde ju màgg te yéeme: juróom ñaari malaaka yu taawu juróom ñaari musiba. Musiba yu mujj ya lañu nag, ngir ca la sànjum Yàlla di mate.
2 Ma gisati lu mel ni géeju kiristaal bu jaxasook sawara. Ci biir loolu ña daanoon rab waak jëmmu nataalam, ak lim bi méngook turam, ñu ngi taxaw ci kaw géeju kiristaal gi, yore ay xalami Yàlla.
3 Ña ngay woy woyu Musaa jaamu Yàlla ba ak woyu Xar mi, naan:
«Yaw Boroom bi Yàlla Aji Man ji,
yaa réy te yéeme ay jaloore.
Yaw Buuru askan yi,
yaa jub te dëgguy doxalin.
4 Boroom bi, ana ku la ragalul?
Ku dul màggal saw tur?
Yaw doŋŋ yaa sell.
Askan yépp ay dikk, sujjóotsil la,
ndax yaa jubi dogal.»
5 Gannaaw loolu ma xoolaat, daldi gis màkkaan ma fa asamaan, xayma ba fat seede si ñu bind ci àlluway xeer ubbiku.
6 Juróom ñaari malaaka yi taawu juróom ñaari musiba yi nag, génne ci màkkaan mi. Ñu ngi sol mbubbi lẽe yu set, ne ràññ, ay ngañaayi wurus takke ci seen dënn.
7 Kenn ci ñeenti mbindeef yi nag jox juróom ñaari malaaka yi juróom ñaari ndabi wurus yu fees ak sànjum Yàlla jiy dund ba fàww.
8 Ba mu ko defee màkkaan ma fees ak saxaar su bawoo ci leeru Yàlla ak kàttanam. Kenn nag manatula dugg ci màkkaan mi, ba kera juróom ñaari musiba yu juróom ñaari malaaka yi matee.

# 16

## *Sànj ma sottiku na*

1 Ma daldi dégg baat bu xumb bu bawoo ci màkkaan mi. Mu ne juróom ñaari malaaka yi: «Demleen sotti juróom ñaari ndabi sànjum Yàlla yi ci kaw suuf.»
2 Malaaka mu njëkk mi dem, sotti ndabam ci kaw suuf, mu def ay taab yu bon te aay ci kaw nit ñi am màndargam rab wi, tey sujjóotal jëmmu nataalu rab wi.
3 Ñaareelu malaaka mi sotti ndabam ci géej gi. Mu soppiku deret ju mel ni lu nàcce ci ku ñu bóom. Lépp lu doon dund biir géej daldi dee.
4 Ñetteelu malaaka mi sotti ndabam ci dex yeek bëti ndox yi, mu doon deret.
5 Ma dégg malaaka mi yilif ndox yi ne:
«Yaw Aji Sell ji nekk te nekkoon,
yaa yey dogal yii àtte.
6 Deretu ñu sell ñeek deretu yonent yi lañu tuur,
nga nàndal leen deret, feye leen.»
7 Ma dégg sarxalukaay ba ne:
«Waawaaw, Boroom bi Yàlla, Aji Man ji,
say àtte dëgg la, yoon la.»
8 Ba loolu amee ñeenteelu malaaka mi sotti ndabam ci kaw jant bi. Ñu daldi may jant bi muy lakke nit ñi tàngooru sawaraam.
9 Ci kaw loolu tàngooru naaj wu metti di lakk nit ñi. Nit ñi nag tuubuñu, sàbbaaluñu Yàlla; xanaa di saaga Yàlla ji dogal yooyu musiba.
10 Juróomeelu malaaka mi sotti ndabam ci kaw ngàngunem rab wi, nguuram daldi sóobu ci lëndëm, nit ñi di yéyu ndax mitit,
11 tuubuñu seeni jëf, xanaa di saaga Yàllay asamaan ndax seeni mitit ak seeni taab.
12 Juróom benneelu malaaka mi sotti ndabam ci dex gu mag gi ñuy wax Efraat, dex gi daldi ŋiis, ngir sàkkal buuri penku yiy dikk aw yoon.
13 Ci kaw loolu ma gis ñetti njuuma yu mel niy mbott, kenn ki génne ci gémmiñu ninki-nanka ji, kenn ci gémmiñu rab wu njëkk wi, ki ci des ci gémmiñu ñaareelu rab wi mbubboo yonent.
14 Ñooñu nag ay njuumay Seytaane lañu, yuy def ay kéemaan, tey dajaleji buuri àddina sépp, ngir xareb bés bu mag bu Yàlla Aji Man ji.
15 Mu ne: «Maa ngi nii di yoot, di dikk nib sàcc. Ndokkalee, yaw mi teewlu, fàggu say yére, ba doo deme gàcceg yaramu neen, ñu di la seetaan.»

* **16.16** ***Armagedon*** ag joor la ci réewum Kanaan.

16 Ci kaw loolu njuuma yi dajale buur yi
ci béreb bu ñuy wax Armagedon*, di baatu
ebrë.
17 Ba mu ko defee juróom ñaareelu
malaaka mi sotti ndabam ci kaw ngelaw
li, baat bu xumb jóge ca ngàngune ma ca
màkkaan ma, ne: «Sotti na!»
18 Ba loolu amee, ay melax tàkk, ay
kàddu aki dënu riir, suuf yëngu yëngu bu
réy bu masula am ba nit teewee ci kaw
suuf ba bésub keroog. Noonu la yëngub
suuf ba yéemee te réy.
19 Dëkk bu mag ba xar ñett, dëkk yu mag
yu askani àddina yi màbb. Babilon gu mag
ga nag, Yàlla bàyyi ko xel, ngir nàndal ko
kaasu biiñu sànjam muy bax.
20 Dun yépp daldi dëddu, tund yi ne mes.
21 Tawu doji yuur yu benn talaŋ,
yemook ñeent fukki kilo, daldi sóobe
asamaan ci kaw nit ñi; ñuy saaga Yàlla ngir
musibam doji yuur yi, ndax musiba mu
réy ba jéggi dayo.

# 17

*Mbugal ñeel na jigéenu moykat ju mag ji*

1 Kenn ci juróom ñaari malaaka yi taawu
juróom ñaari ndab yi dikk, ne ma: «Kaay,
ma won la mbugalu gànc bu mag bi toog ci
ndox mu bare.
2 Moom la buuri àddina àndal di moy, te
biiñu moyam la waa àddina di màndee.»
3 Ci kaw loolu Leerug Yàlla dikkal ma,
malaaka mi daldi ma yóbbu ba ca ab
màndiŋ. Ma gis jigéen ju war rab wu xonq
wu am juróom ñaari bopp ak fukki béjjén,
te yaram wi fees ak tur yuy saaga Yàlla.
4 Jigéen jaa ngi sol lu yolet te xonq, takk
wurus ak doji gànjar aki per. Mu ngi yor
kaasu wurus bu fees ak ñaawtéef ak sobey
moyam.
5 Jë bi nag, tur wii lañu ci bind, muy
kumpa: Babilon gu mag gi, ndeyu gànc yi
ak ñaawtéefi àddina yi.
6 Ma gis ne jigéen ji daa naan ba màndi ci
deretu ñu sell ñi ak deretu ñi doon seedeel
Yeesu.
Ba ma ko gisee, jaaxle naa lool.
7 Malaaka ma ne ma: «Looy jaaxle? Man
maa lay xamal kumpag jigéen ji ak rab wi
mu war, boroom juróom ñaari bopp yeek
fukki béjjén yi.
8 Rab wi nga gis mas naa nekk waaye
nekkatul. Dina génne ca xóote ba, waaye
day sànkuji. Waa àddina ñi ñu bindul woon
seeni tur ci téereb dund bi* ba àddinay door
nag, bu ñu gisee rab wi, dinañu yéemu,
ndax la mu masoona nekk, tey nekkatul,
te ëllëg muy nekkaat.
9 «Fii nag xel mu ñaw la laaj. Juróom ñaari
bopp yi ñooy juróom ñaari tund yi jigéen ji
toog, te juróom ñaari buur lañu itam:
10 juróom daanu nañu, kenn kaa ngi fi, ki
ci des nag dikkagul, waaye bu dikkee, ab
diir rekk la fiy am.
11 Rab wi masoona nekk te nekkatul
nag, moom ci boppam moo di juróom
ñetteelu buur bi, kenn la ci juróom ñaari
buur yi jiitu itam, te day sànkuji.
12 «Fukki béjjén yi nga gis, fukki buur
lañu yu jotagul ci seen nguur. Waaye
diirub wenn waxtu, lañuy jot sañ-sañu
nguur, ñook rab wi.
13 Menn mébét lañu bokk, te dinañu
yékkati seen doole ak seen sañ-sañ, jox ko
rab wi.
14 Dinañu xare ak Xar mi, waaye Xar
mee leen di daan, ndax mooy Sangu sang
yi, di Buuru buur yi. Mooy daan mook
ñoñam ñi mu woo, tànn leen te ñu saxoo
topp ko.»
15 Malaaka ma neeti ma: «Ndox yi nga
gis jigéenu moykat ji toog ci nag, mooy niti
xeet yeek mbooloo yeek askan yeek làkk
yi.
16 Fukki béjjén yi nga gis, ñook rab wi,
dinañu won jigéenu moykat ji mbañeel.
Dañu koy futti ba mu ne duŋŋ, ñu lekk aw
suuxam, ba noppi lakk ko.
17 Ndaxte Yàllaa def ci seen xol pastéefu
sottal mébétam, ba ñu bokk sottal menn
mébét mi, daldi jébbal rab wi seen nguur,
ba kera kàddug Yàlla mat sëkk.
18 Jigéen jii nga gis, moo di dëkk bu mag
bi yilif buuri àddina.»

# 18

*Babilon daanu na*

* **17.8 *téereb dund bi:*** seetal ci 13.8.

1 Gannaaw loolu ma gis meneen
malaaka mu am sañ-sañ bu réy wàcce
asamaan, àddina di leere cig leeram.
2 Mu àddu ca kaw, ne: «Babilon a daanoo!
Dëkk bu mag ba daanu na, ba doon
dëkkukaayu jinne ak mboolem njuuma lu
sobewu ak mboolem picc ak rabu àll wu
sobewu te siblu.
3 Biiñu moyam miy indi am sànj, moom
la askani àddina yépp di naan. Moom la
buuri àddina àndal di moy, te doyloodig
bakkanam gu réy woomal na julay
àddina.»
4 Ci kaw loolu ma dégg beneen baat bu
jóge asamaan, ne: «Yeen sama ñoñ,
génnleen dëkk bii, bala ngeena bokk ak
moom ay bàkkaaram, bay séddu ci
mbugalam.
5 Ndaxte ay bàkkaaram jalu na ba àkki
asamaan, te Yàlla bàyyi na xel ay
ñaawtéefam.
6 Na mu jëfe ak yeen, jëfeleen ko ak
moom, feyleen ko ñaari yoon ay jëfam.
Kaas bi muy xellile am njafaan,
feesalalleen ko njafaan lu ko ëpp doole
ñaari yoon.
7 Joxleen ko ci toskare aku naqar, kemu
daraja jaak dund gu bakkane ga mu jagoo
woon. Gannaaw moo ne cim xelam: “Maa
tooge jalu lingeer, dumab jëtun, duma
deele mukk,”
8 looloo tax ci benn bés la musiba yiy
këppoondoo ci kawam: mbas, deele akub
xiif, te dees na ko lakk ba mu jeex, ndax
Boroom bi Yàlla mi ko mbugal moo am
doole.»
9 Buuri àddina yi àndoon ak dëkk bii ci
moy ak dund gu bakkane, bu ñu séenee
saxaaras lakkam, ñoom ñépp ay yuuxu, di
ko jooy.
10 Fu sore lañuy dànd, ndax ragal
toskarey dëkk bi, te naan:
«Wóoy, wóoy ngalla dëkk bu mag ba!
Babilon ma ca doole ja!
Ci wenn waxtu rekk la sa àtte dikk!»
11 Julay àddinaa ngay yuuxu, di ko jooy,
nde am njaayam du jarati:
12 wurus ak xaalis ak doji gànjar aki per
ak lẽe ak ndimo lu yolet, ak sooy, ak
ndimo lu xonq curr, ak bépp bant bu xeeñ,
ak wépp xeetu jumtukaayi bëñi ñey, ak
jumtukaayi dénku ngëneel ak yu xànjar ak
yu weñ gu ñuul ak yu doju màrb,
13 ak kanel ak yeneen safal, ak ndàbbu
miir ak cuuraay-libaŋ ak yeneen cuuraay,
ak biiñ ak diwu oliw ak sunguf ak pepp ak
nag ak xar ak fas, aki watiir aki jaam, ak
nit ñu ñu jàpp xare.
14 Dinañu ne: «Doomi garab yi nga
soppoon sore na la, mboolem lu neex ak
lu yànj réer na la mërr!»
15 Ña daan jula yooyii ci dëkk bi ba
woomle, fu sore lañuy dànd, ndax ragal
toskarey dëkk bi, di yuuxooka jooyoo,
16 naan:
«Wóoy, wóoy ngalla dëkk bu mag ba!
Ngalla yaw, dëkk bu mag
ba daa woddoo lẽe ak ndimo lu yolet ak lu
xonq curr,
takkoo wurus ak doji gànjar aki per,
17 wenn waxtu rekk, alal ju baree nii
neen!»
Dawalkati gaal yeek julay géej yi ak
mool yi ak mboolem ñiy dunde géej, ñoom
ñépp a ngi dànd fu sore,
18 séen saxaaras lakku dëkk bi di jalu,
jekki xaacu naan: «Bii dëkk bu mag, ana
dëkk bu masa nirook moom?»
19 Dañuy xëpp suuf ci seen kaw bopp, di
yuuxooka jooy aka naqarlu, naan:
«Wóoy, wóoy, ngalla dëkk bu mag ba!
Sa koom a woomal mboolem boroom gaal
ci kaw géej,
wenn waxtu rekk, nga gental.»

20 Ndokkalee, asamaan,
Ndokkalee, yeen ñu sell ñi itam, ak ndawi
Yàlla yeek yonent yi,
ndaxte Yàllaa leen àtteek dëkk bii, mbugal
ko.
21 Ba loolu amee malaaka mu am doole
yékkati doj wu mel ni doju wolukaay wu
mag, sànni ko biir géej, daldi ne:
«Babilon dëkk bu mag bi, nii lañu koy
sànneek doole,
mu ne meŋŋ.
22 Buumi xalam ak baatu woykat,
toxorooku liit,
lenn du ci jibeeti fi yaw.
Liggéeykat bu xareñ bu mu mana doon,
deesatu ko gis fi yaw,
doju wolukaay du riireeti fi yaw,

23 làmp du niiteeti fi yaw,
te baatu boroom séet akub séetam du jibeeti fi yaw mukk,
ndax say julaa ëppoon doole ci àddina,
te say xërëm a sànk askanoo askan.»
24 Ci yaw it lañu fekk deretu yonent yeek
ñu sell ñi ak mboolem ñi ñu rey ci kaw
suuf.

# 19

## *Aleluya!*

1 Gannaaw loolu damaa dégg lu mel ni
coow lu xumb, bawoo ci mbooloo mu
bare mu àddoo asamaan, ne:
«Aleluya*!
Texe ak daraja ak kàttan ñeel na sunu Yàlla.
2 Ay àtteem dëgg la, yoon la!
Moo mbugal jigéenu moykat bu mag bi yàq àddinaak moyam,
feye ko deretu jaami Yàlla yi mu tuure loxoom.»
3 Ñu neeti:
«Aleluya!
Saxaaras lakku dëkk ba kay day jolli rekk, ba fàww!»
4 Ci kaw loolu ñaar fukki mag ñeek ñeent
ak ñeenti mbindeef yi ne gurub sukk,
sujjóotal Yàlla mi toog ci ngàngune mi. Ñoo
bokk ne:
«Amiin! Aleluya!»
5 Ba loolu amee kàddu jibe ca ngàngune
ma, ne:
«Màggalleen sunu Yàlla, yeen jaamam ñépp,
ak yeen ñi ko ragal, mag ak ndaw.»
6 Ma daldi dégg lu mel ni coowal
mbooloo mu bare, mu àddoo ni riirum
géej, tey nirook kàddug dënu gu réy, ne:
«Aleluya!
Sunu Boroom Yàlla Aji Man ji mooy Buur!
7 Nanu bég, di bànneexu te màggal ko,
ndax céetu Xar mi agsi na, ab séetam defaru na ba noppi!
8 Jox nañu ko mbubbum lẽe mu set, ne ràññ, mu sol.»
Lẽe boobu mooy jëfi njekk yu nit ñu sell ñi.
9 Malaaka ma nag ne ma: «Bindal lii:
“Ndokkalee ñi ñu woo ci berndey céetu
Xar mi.”» Mu teg ca ne ma: «Loolu kàddu
yu dëggu yu Yàlla la.»
10 Ma daldi ne gurub sukk ciy tànkam,
ngir sujjóotal ko. Mu ne ma: «Déet, ëpp naa
def. Sa mbokkum jaam doŋŋ laa, ni yaak
sa bokk yi jàppoo seedeel Yeesu. Sujjóotalal
Yàlla. Li Yeesu seede mooy suuxat ñiy
jottali kàdduy waxyu.»

## *Gawar war na fas wu weex*

11 Ba loolu wéyee ma gis asamaan
ubbiku, fas wu weex daldi feeñ. Ki ko war,
«Wóor te Dëggu» lañu koy wax te njub lay
àttee, di ko xaree.
12 Ay gëtam a ngi mel ni sawara wuy
tàkk, bopp bi, mbaxanay buur yu baree ci
tege, ñu bind ci kawam tur wu kenn
xamul ku dul moom.
13 Mbubb ma mu sol, dees koo sóob ci
deret, te turam wi ñu ko xame di «Kàddug
Yàlla.»
14 Xarekat yi ci asamaan a ko topp, war
fas yu weex, sol mbubbum lẽe mu weex,
set wecc.
15 Gémmiñ gi, saamar bu ñaw a ciy lange,
mu di ko cawe askan yi. Moo leen di jiitee
yetu weñ, te mooy dëggaate ci biir
nalukaay bi reseñ ji ñuy segale biiñu sànj
mu tàng mu Yàlla Aji Man ji.
16 Ci kaw mbubbam ak ci luppam, aw
tur lañu ci bind te moo di: «Buuru buur yi,
Sangu sang yi.»
17 Ma gis nag menn malaaka mu taxaw
ci jant bi. Mu àddu ca kaw, wax ak
mboolem picc yiy naaw ci digg asamaan,
ne leen: «Dikkleen, dajesileen ci bernde ju
mag ju Yàlla ji,
18 ndax ngeen lekk suuxi buur ak suuxi
njiiti gàngoor, suuxi jàmbaar ak suuxu fas
ak gawaram, suuxu ñépp; gor ak jaam,
mag ak ndaw.»
19 Ba loolu amee ma gis rab wi, mook
buuri àddina yeek seeni gàngoor, ñu daje
ngir xareek ki war fas week gàngooram.
20 Ñu daldi jàpp rab wi, mook yonentu
caaxaan bi defoon ci turu rab wi ay
kéemaan yu mu sànke ña ñu màndargaale
woon màndargam rab wi, te ñu doon jaamu
jëmmu nataalu rab wi. Ñoom ñaar ñépp
lañu sànni ñuy dund, ca déegu sawara
waak tamarax bay bax.

* **19.1** ***Aleluya*** waxu yawut la, juy tekki «Cant ñeel na Boroom bi».

21 Ña ca des, ñu reye leen saamar bay lange ca gémmiñu ka war fas wa, picc yépp lekk ca seen suux ba regg.

# 20

### *Almasi bi mooy nguuru junniy at*

1 Ba mu ko defee ma gis malaaka mu wàcce asamaan, yor caabiy xóote bi, ak càllala gu réy.

2 Mu jàpp ninki-nanka ja, jaani cosaan jooju di Tuumaalkat bi, di Seytaane ba tey. Malaaka mi yeew ko diiru junniy at.

3 Da koo sànni ci xóote bi, tëj ko, sakk buntu xóote bi, ndax du naxati askan yi, ba kera junniy at yi mat. Gannaaw loolu nag fàww ñu yiwi ko diir bu gàtt.

4 Ci kaw loolu ma gis ay gàngune, ñu jox ña ca toog sañ-sañu àtte. Ma daldi gis bakkani ñi ñu dogoon seen bopp ndax la ñu doon seedeel Yeesu ak la ñu gëmoon kàddug Yàlla gi. Ñooña sujjóotalul woon rab wi ak jëmmu nataalam, te amuñu màndargam rab wi ci seen jë mbaa seen loxo. Ñu dekki bay nguuroondoo ak Almasi bi diiru junniy at.

5 Loolu moo di ndekkite lu njëkk li. Yeneen néew yi nag, duñu dekki li feek junniy at yi matul.

6 Ndokkale ak sellaay ñeel na ñi séddu ci ndekkite lu njëkk li! Ñooñu, ñaareelu dee gi manalu leen dara. Ñooy doon it sarxalkati Yàlla ak Almasi bi, te ñooy nguuroondoo ak Almasi bi junniy at.

### *Seytaane moo mujje ca déegu sawara sa*

7 Bu junniy at yi matee, dees na yiwi Seytaane, génnee ko ca kasoom,

8 mu dikk, naxsi askani ñeenti colli àddina, yi ñuy wax waa Gog ak Magog*. Mu dajale leen ngir xare; ñu baree ni feppi suufas géej.

9 Dañuy sam déndub suuf sépp, daldi yéew dalub nit ñu sell ñi, dëkk bu jar bi. Ci biir loolu sawara wàcce asamaan, lakk leen.

10 Ñu jàpp nag Seytaane mi leen daan nax, sànni ko ci déegu sawaraak tamarax ba, mu fekki fa rab waak yonentu caaxaan ba. Dees na leen fa mitital guddi ak bëccëg, ba fàww.

### *Bés-pénc taxaw na*

11 Ci kaw loolu ma gis ngàngune mu mag mu weex ak ki ci toog. Asamaan ak suuf daldi dawe fa kanamam, ne mes.

12 Ma gis néew ya, mag ak ndaw, ñu taxaw ca kanam ngàngune ma, ay téere ubbiku, beneen téere ubbikooti, di téereb dund ba. Ñu daldi àtte néew ya ca seeni jëf, na ñu ko binde ca téere ya.

13 Ba mu ko defee géej jébbale néew ya woon ca moom, dee ak njaniiw jébbale néew ya woon ca moom, ñu daldi àtte ku nekk ca say jëf.

14 Ba loolu amee ñu jàpp dee ak njaniiw, sànni ca déegu sawara sa. Ñaareelu dee gi nag moo di déegu sawara si.

15 Képp ku ñu gisul ñu bind la ci téereb dund bi, ci déegu sawara si lees la sànni.

# 21

### *Asamaan ak suuf dinañu am kuutaay*

1 Ma daldi gis asamaan su bees ak suuf su bees. Fekk na asamaan su njëkk sa ak suuf su njëkk sa wéy, te géej amatul.

2 Ma gis nag dëkk bu sell bi, Yerusalem gu bees gi, mu wàcce asamaan fa Yàlla, mel nib séet bu defaru ba jekk ngir jëkkëram.

3 Ma dégg kàddu gu xumb jibe ca ngàngune ma, ne: «Màkkaanu Yàllaa ngii ci biir nit ñi. Mooy dëkk ak ñoom, ñu diy ñoñam. Yàlla ci boppam mooy dëkk ak ñoom, di seen Yàlla.

4 Mooy fomp seen wépp rongooñ. Dee dootul am, dëj aki yuux aku tiis dootul am, lu njëkk laay wéy.»

5 Ci kaw loolu ki toog ci ngàngune mi ne: «Maa ngii di yeesal lépp!» Mu teg ci ne ma: «Bindal, yii kàddu yu wóor la te dëggu.»

6 Mu neeti ma: «Sotti na! Maay Alfa, di Omega, di njàlbéen, di muj. Ku mar, maa lay may nga naan ci bëtu ndoxum dund mi, te doo fey dara.

7 Képp ku am ndam nag, loolooy doon sab cér. Maay doon sa Yàlla, nga doon sama doom,

* **20.8 *Gog ak Magog*** ñooy misaal bañaaley Yàlla ak ñu sell ñi. Seetal ci *Esekiyel* saar 38—39.

8 waaye ñu ragal ñi ak aji gëmadi ñi ak
defkati ñaawtéef yi ak bóomkat yi ak
moykat yi ak xërëmkat yi ak bokkaalekat
yi, mboolem fen-kat ñi, seen añ a nga ca
déegu sawara waak tamarax ba. Loolu
moo di ñaareelu dee.»
9 Ba loolu amee menn malaaka dikk.
Mu ngi bokk ci juróom ñaari malaaka yi
taawu juróom ñaari ndab yi fees ak juróom
ñaari musiba yu mujj yi. Mu ne ma:
«Dikkal, ma won la séet bi, soxnas Xar mi.»
10 Ci kaw loolu Leerug Yàlla dikkal ma,
malaaka ma yóbbu ma ci tund wu mag te
kawe, daldi may won dëkk bu sell bi,
Yerusalem, muy wàcce asamaan fa Yàlla.
11 Dëkk baa nga ànd ak darajay Yàlla,
leeraayam ba mel ni peru gànjar, nirook
peru jàspë, leere ni kiristaal.
12 Tata ju réy te kawe la am ak fukki
bunt ak ñaar yu fukki malaaka ak ñaar
taxawe, ay tur binde ca kaw bunt ya, di
turi fukki giiri Israayil yaak ñaar.
13 Wetu penku ba, ñetti bunt la; wetu
bëj-gànnaar ba, di ñetti bunt; wetu
bëj-saalum ba, di ñetti bunt; wetu sowu ba,
di ñetti bunt.
14 Tatay dëkk baa nga sampe ci fukki
doji fondmaa ak ñaar yu ñu bind fukki tur
ak ñaar yu ndawi Xar mi.
15 Kiy wax ak man nag, mu ngi yor yetu
nattukaayu wurus, ngir natt dëkk bi aki
buntam ak tataam.
16 Dëkk bi dafa kaare; guddaay bi tollook
yaatuwaay bi. Mu natte dëkk bi bant bi
mu yor, guddaay bi ak yaatuwaay bi ak
taxawaay bi, lépp tolloo, di fukk ak ñaari
junni dayo (12 000), yemook ñaari junneek
ñaari téeméeri kilomet (2 200).
17 Malaaka mi natt tata ji, muy téeméeri
xasab ak ñeent fukk ak ñeent (144) yu
malaaka mi natte, ni ko nit ñiy natte naka
jekk, te yemook juróom ñaar fukki meetar
ak ñaar (72).
18 Tata ji peru jàspë lañu ko liggéeye,
dëkk bi di wurusu ngalam, leer nàññ ni
kiristaal.
19 Doju fondmaa tatay dëkk bi, xeeti
gànjar ju nekk lañu ko rafetale.
Doju fondmaa bu njëkk bi di jàspë;
ñaareel bi di safiir;
ñetteel bi di kalseduwan;
ñeenteel bi di emëródd;
20 juróomeel bi di sarduwan;
juróom benneel bi di kornalin;
juróom ñaareel bi di kirsolit;
juróom ñetteel bi di beril;
juróom ñeenteel bi di topaas;
fukkeel bi di kirsoparas;
fukkeel beek benn di yasent;
fukkeel beek ñaar di ametistë.
21 Fukki bunt yeek ñaar, fukki per ak ñaar
lañu. Bunt bu nekk sàkkoo ci benn per
kepp, péncum dëkk bi di wurusu ngalam,
leer nàññ ni kiristaal.
22 Ab jaamookaay nag, gisuma ko fenn
ci biir dëkk bi, ndax Boroom bi Yàlla Aji
Man ji ak Xar mi ñooy jaamookaay bi.
23 Te dëkk bi soxlawul jant bu koy leeral
mbaa weer, ndax leeru Yàllaa koy leeral,
Xar mi di làmpam.
24 Askani àddina, leeru dëkk bi lañuy
doxe, buuri àddina di fi indi seen teraanga.
25 Bunti dëkk bi du tëje mukk bëccëg, te
foofa sax guddi amu fa.
26 Dees na fa indi darajaak teraangay
askan yi.
27 Du lenn lu sobewu lu fay dugg nag,
mbaa defkatu jëf ju ruslu ak njublaŋ. Ñi
ñu bind ci téereb dund bu Xar mi doŋŋ ñoo
fay dugg.

# 22

*Walum dund mi feeñ na*

1 Ci kaw loolu malaaka mi won ma dexu
ndoxum dund mu leer nàññ ni doju
kiristaal. Ndox ma wale ca ngàngunem
Yàllaak Xar ma,
2 di tuuru ci digg péncum dëkk bi. Ci ñaari
tàkki dex gi, garabu dund a ngi ci, di meññ
fukki yoon ak ñaar, weer wu nekk benn
yoon, xob yi di faj askani àddina.
3 Alkànde nag du fa amati, te ngàngune
mu Yàllaak Xar mi ci biir dëkk bi lay nekk,
jaamu Yàlla yi di ko sujjóotal,
4 di gis kanamam, turam binde ci seen
jë.
5 Guddi du amati, te deesul soxlaati làmp
mbaa naaj, ndax Boroom bi Yàlla moo leen
di leeral. Te dañuy nguuru ba fàww.
6 Ba loolu amee malaaka mi ne ma: «Lii
wax ju wóor la te dëggu. Boroom bi Yàlla
miy xelal yonent yi, moo yebal

malaakaam, ngir mu won jaamam ñi
mbir yi dëgmal te du jaas.»

### *Yeesu Almasi bi dina délsi*

7 «Maa ngii di ñëw léegi. Ndokkalee, yaw
miy sàmm kàdduy waxyuy téere bii.»
8 Man Yowaan maa dégg mbir yii, gis ko.
Ba ma ko déggee, gis ko, dama ne gurub
sukk ci tànki malaaka mi ma ko won, nar
koo sujjóotal.
9 Mu ne ma: «Ëpp naa def, sa mbokkum
jaam doŋŋ laa, ni yaak sa bokki yonent
yeek ñiy sàmm kàdduy téere bii. Sujjóotalal
Yàlla.»
10 Mu neeti ma: «Bul làq kàdduy waxyuy
téere bii, ndax waxtu wi jege na.
11 Ku jubadi, na saxoo njubadi; ku yàqu,
saxoo yàqute; ku jub, wéye def njub; ku sell
it, wéye sell.»
12 «Maa ngii di ñëw léegi, ànd ak sama
pey, ngir delloo ku nekk jëfam.
13 Man maay Alfa di Omega; maa njëkk,
maa mujj, maay njàlbéen, maay muj.
14 «Ndokkalee yeen ñi fóot seeni yére, ngir
saña lekk ci garabu dund gi, jàlle ci bunt yi,
dugg ci biir dëkk bi.
15 Ci biti, xaj yaa fa nekk ak xërëmkat yi
ak moykat yi ak bóomkat yi ak bokkaalekat
yi, ak képp ku sopp fen te di ko jëfe.
16 «Man Yeesu maa yónni sama malaaka,
ngir mu seede mbir yii ci yeen, ñeel
mboolooy gëmkat ñi. Man maay njebbitu
Daawuda, di kuutaayam, maa di biddiiwu
njël bi ne ràñ̃ñ.»
17 Noo gu Sell gi ak Séet bi nee ñu:
«Ñëwal!»
Ku ci dégg it, neel: «Ñëwal!»
Ku mar, ñëwal; ku bëgg ci ndoxum dund
mi, jëlal, ñu may la.
18 Man Yowaan, seede naa ñeel képp ku
dégg kàdduy waxyu yu téere bii, ne: képp
ku ci yokk lenn, Yàlla dina la yokkal
mbugal yi ñu bind ci téere bii.
19 Te ku wàññi lenn ci kàdduy waxyu yu
téere bii, sa wàll la Yàlla di wàññee ci yooyii
ñu bind ci téere bi, muy garabu dund gaak
dëkk bu sell ba.
20 Kiy seede mbir yii nee: «Waawaaw,
léegi ma ñëw.»
Amiin, Sang Yeesu, ñëwal!
21 Yal na yiwu Sang Yeesu ànd ak ñépp.

# Waxi yonent yi jëm ci Almasi bi

Diirub junniy at yonent yi wax nañu lu bare ci mbirum Almasi bi, di Rammukat biy ganesi àddina. Moo tax Yeesu Almasi bi nee na: «Xanaa du fàww Almasi bi daj boobu coono, doora dugg ci teraangaam?» Mu tàmbalee nag ci Yonent Yàlla Musaa, jaare ci yonent yépp, tekkil leen mboolem lu Mbind mi indi ci mbiram» (Luug 24.26-27).

Te ndawal Yàlla Piyeer teg ca ne: «Moom la yonent yépp seedeel, ne képp ku ko gëm, jot nga sa njéggalug bàkkaar ciw turam» (Jëf ya 10.43).

Jukki nanu fi nag li yonent yi yégle, ak ni seen wax ame ci Almasi Yeesu. Ngir gàttal mbind mi, bind nanu saar 8, aaya 10 ba ci aaya 14 nii: 8.10-14. Yem nanu ci téereb ndawal Yàlla Macë.

Léeg-léeg baat yi ñu jukkee ci Kóllëre gi jëkk day xawa wuuteek li ñu bind ci Kóllëre gi yees, ndaxte ka koy bind ca tekkiteg Kóllëre gu jëkk gi, ci gereg la ko jële.

| Yonent Yàlla | Ay at yu jiitu Almasi bi | Nee na: |
|---|---|---|
| Musaa ci Baamtug yoon wi 18.15 | 1406 | Almasi bi mooy yonent bi Yàll |
| Natan ci 2.Samiyel 7.16 | 990 | Mooy sëtu Daawuda bi wara n |
| Esayi 7.14 | 740 | Dina juddu ci ku masula ànd a |
| Mise 5.1 | 739 | Dina juddu ci dëkku Betleyem |
| Ose 11.1 | 760 | Dina gàddaayi réewu Misra, di |
| Malasi 3.1 | 450 | Yonent Yàlla Yaxya dina ko jiit |
| Esayi 8.23—9.1 | 740 | Almasi bi dina waaraate ci dii |
| Esayi 53.4 | 740 | Dina sëfoo mititu nit ñi. |
| Esayi 42.1-4 | 740 | Ñi seen yaakaar tas, moo leen |
| Sàkkaryaa 9.9 | 520 | Dina war mbaam-sëf, dugg Ye |
| Sàkkaryaa 11.12 | 520 | Dees na ko wor ci fanweeri po |
| Sàkkaryaa 13.7 | 520 | Ay taalibeem dinañu ko won g |
| Esayi 50.6 | 740 | Nit ñi dinañu ko tifli ci kanam |
| Daawuda ci taalif 22.19 | 990 | Dinañu séddale ay yéreem. |
| Esayi 53.12 | 740 | Dina dee ci biiri tooñkat. |
| Esayi 53.6; taalifu Daawuda 22.19 | 740; 990 | Yàlla dina ko sëf mbugal mi nu |
| Yunus 1.16—2.1; Daawuda ci taalif 16.10 | 790; 990 | Dina dekki ca ñetteelu fan ba. |
| Dañeel 7.13-14 | 553 | Dina délsi ci àddina ci biir ndar |

# Nattinu jamono ci bànni Israayil

Tur yi ci keppu yi ( . . . ), weer waa ngi ci Kàddug Yàlla waaye tur wi nekku ca.

| Limeefu weer wi | Turu weer wi | Yemook | Jamonoy mbey |
|---|---|---|---|
| 1 | Abiib, Nisan | mars, jàpp awril | taw bu mujj, ngóobum lors |
| 2 | Siw, (Iyar) | awril, jàpp me | |
| 3 | Siwan | me, jàpp suweŋ | ngóobum bele |
| 4 | (Tamus) | suweŋ, jàpp sulet | |
| 5 | (Ab) | sulet, jàpp ut | |
| 6 | Elul | ut, jàpp sàttumbar | wittum reseñ ak figg ak oliw |
| 7 | Etanin, (Tisri) | sàttumbar, jàpp oktoobar | taw bu jëkk |
| 8 | Bul, (Marxeswan) | oktoobar, jàpp nowàmbar | |
| 9 | Kislew | nowàmbar, jàpp desàmbar | |
| 10 | Tebet | desàmbar, jàpp saawyee | |
| 11 | Sebat | saawyee, jàpp fewriyee | |
| 12 | Adar | fewriyee, jàpp màrs | wittum doomi garab |

# Leeral yi

**Aaróona:** Magu Yonent Yàlla Musaa la. Moom la Yàlla njëkka def sarxalkat bu mag ci biir bànni Israayil.

**Abiib:** Weeru Abiib moo doon weer wi jiitu ci at mi, ni ko bànni Israayil takke woon, mu dëppook weeru màrs, jàpp awril ci takkinu nasaraan. Weeru Abiib, Nisan lañu ko mujj di woowe.

**Àggripa:** Seetal ci **Erodd**.

**Aji Sax j-:** Mooy turu Yàlla. Mooy Ki Sax fàww.

**Aji Sell j-:** Su ñu nee Yàlla ku sell la, ni mu beroo ak ni mu wéete ci sellaay, jikkoom moo tax ñuy wax, ndax Yàlla moo matale mboolem mbaax, moo mucc ci gépp sikkaange, te lenn ci sellaayu jikkoom mooy ngoram gu bare, ak kóllëreem gu sax.

**Almasi b-:** Baatu ebrë la, di tekki «ki ñu fal». Bu Yawut yi masaana fal nit, dañuy sotti diw ci boppam, muy yonent, di sarxalkat mbaa buur. Almasi bi nag, mooy ki Yàlla sol xelam (seetal ci *Esayi* 42.1), ngir firndeel ne mooy Yonent bi nuy jottali xibaaru jàmm bu Yàlla; di Sarxalkat bi nu ubbil bunt fa Yàlla; te di Buur bi yilif lépp ak ñépp.

**alowes:** Gàncax gu xeeñ la, gu ñu daan génne ndox mu wex ca xob ya.


**Asera:** Mooy tuuru Kanaaneen mu jigéen mi ñu gëmoon ne mooy giiral nit. Ñu di ko farala dendaleek tuur mi ñuy wax Baal. Ñu daan ko jaamu fu jege ab gott, walla fu ñu ko sampal ay xer.

**Astàrt:** Moo doon tuur mu jigéen mi gënoona màgg ci tuuri Kanaaneen ñi. Ñu yaakaaroon ne moo jagoo wàllu séy, te mooy giiral. Moo doon jabaru tuur mi ñuy wax Baal.

**Baal:** Moo doon tuur mi gëna màgg ci tuuri waa Filisti. Waa dëkk bu mag bu nekk amoon nañu seenum Baal. Moo tax Baal yu baree amoon. Tur wi di firi «sang bi». Ñu jàppoon ne moo moom lépp lu ñu sàkk, te mooy tax jur geek tool yi nangu. Diiney Baal daa laajoon ay nit ñuy jaay seen bopp fa ñuy jaamoo Baal, muy lu Aji Sax ji ñaawlu lool.

**Babilon:** Babilon, ab dëkku penku la woon, di péeyub réewum Kalde. Babel la njëkkoona tudd. Fa la bànni Israayil nekke woon jaam diggante 566—536 at lu jiitu Almasi bi. Léeg-léeg xanaa ñu misaale ko dëkku Room, ak it nguur giy bëreek Yàlla ci mujug jamono.

**bàmmeel b-:** Bu njëkkoon ca penku, aw doj wu mag lañu daan yatt, ba mu mel ni néeg, ñu man caa dugg, di fa denc ay néew.



Bàmmeel bi, di ab néeg bu ñu ub ak xeer wu réy

**bànni Israayil:** Israayil mooy tur wi Yàlla jox Yanqóoba, doomu Isaaxa, sëtub Ibraayma (seetal ci *Njàlbéen ga* 32.29). Ñi soqikoo ci Yanqóoba lañuy woowe bànni Israayil mbaa Yawut. Ñoo def fukki giir ak ñaar, di xeet yi soqikoo ci doomi Yanqóoba. Gannaaw ba réew ma séddalikoo, saa yu Mbind mi indee baatub «Israayil» ñaare, réew mépp taxul ñuy wax, waaye fukki giir yi féete bëj-gànnaar rekk lañuy wax.

**bérebi jaamookaay y-:** Bérebi jaamookaay yi ay béreb la yu nit ñi taamu woona màggale, muy yéefar yi, di bànni Israayil. Lu ci ëpp ay béreb yu kawe la daan doon, waaye man naa baña kawe itam. Su dee yéefar yi, ñu di ca jaamu seeni xërëm; su dee bànni Israayil ñoom, ñu di ca jaamu seen Yàlla Aji Sax ji. Gannaaw ba Suleymaan tabaxee ca Yerusalem kër Yàlla gu ñuy màggale Aji Sax ji, bérebi jaamookaay yooya ay tuurukaay lañu mujj doon.

**bésu Boroom b-:** Mooy bés bu Boroom bi Aji Sax ji dikke meram.

**bésub Aji Sax j-:** Mooy bés bu Boroom bi Aji Sax ji dikke meram.

**bésub Mucc b-:** Seetal ci **(màggalu) bésub Mucc b-**.

**bésub Noflaay b-:** Moo doon juróom ñaareelu bés ci ayu bésu bànni Israayil. Bés la woon bu ñu jagleel Yàlla, ñu aaye ci bépp liggéey. Bésub Noflaay boobu Yàllaa ko séddoo, ba muy sàkk lépp. Gannaaw gi la tànn bésub Noflaay, firndeele ko kóllëre gi mu fasoo ak bànni Israayil.

**cuuraay l-:** Bokkoon na ci li bànni Israayil daan jëfandikoo ci seenug jaamu Yàlla, muy sarax su jëm ci Yàlla tey misaal kàddug ñaan gu ñu yékkati jëme fa Yàlla.

**Daawuda:** Buuru Israayil bu mag la woon te moo bind ay taalif yu bare ngir màggale ko Yàlla. Yàlla dig ko ne ko: « Sa kër ak sa nguur day sax dàkk fi sa kanam, te sab jal day sax ba fàww.» Seetal ci *1.Samiyel* 7.16.

**Daraxma:** Seetal ci **Xaalis**.

**Dinaar:** Seetal ci **Xaalis**.

**Doomu nit k-:** Mooy tur wi Almasi bi tudde boppam, di ko jël ci téereb *Dañeel* saar 7. Lenn ci li tur woowu wone mooy ni Almasi bi toroxloo, ba bokk ak nun sunu bindu doom aadama.

**Doomu Yàlla j-:** Yàlla ci boppam moo woowe Yeesu doomam. Seetal ci *Luug* 3.22 ak 9.35. Moo wax itam ne askanu Israayil moo dib taawam. Seetal ci *Mucc ga* 4.22. Tur wi jotewul dara ak njureelu nit, mbaa ag bokkaale. Yeesu mooy Kàddug Yàlla, mooy lerxat leeru Yàlla, te mooy ki jëmmal nekkug Yàlla.

**Ebrë:** Ebrë, am na ñu koy wax Ibraan ba tey. Yonent Yàlla Ibraayma ab Ebrë la woon. Xeet wi soqikoo ci moom te sëtoo ci Yanqóoba, moom lañuy woowe Ebrë. Seen làkk mooy ebrë mbaa ibraan. Wax nañu ne, Ebrë ci seen turu maam Eber la jóge. Seetal ci *Njàlbéen ga* 10.21.


**Erodd:** Amoon na juróomi buur yu tudd Erodd:

1. Ki ñuy wax Erodd mu mag ma, moo doon buurub Israayil ba Yeesu juddoo (*Luug* 1.5).
2. Doomam ji tudd Arkelawus; moo falu woon ci diiwaanu Yude (*Macë* 2.22).
3. Jeneen doomam ji ñuy wax Antipas; moo yilifoon diiwaani Galile ak Pere (*Luug* 3.1; 23.7; *Jëf ya* 4.27).
4. Àggripa sëtub Erodd mu mag ma, moo falu woon ci diiwaani Israayil yu bare (*Jëf ya* 12.1; 23.35).
5. Àggripa doomu Àggripa moo falu woon ci ay gox yu féete bëj-gànnaar (*Jëf ya* 25.13).

**Esayi:** Yonent bu mag la woon, bu jamonoom jiitoo jamonoy Almasi bi juróom ñaari téeméeri (700) at. Wax na lu bare ci ñëwug Almasi bi, ci wàllu juddoom ak liggéeyam ak deewam ak ndekkiteem.

**Farisen y-:** Tariixa lañu woon ci biir Yawut yi. Ñu xér lañu woon ci sàmm yoonu Musaa, waaye jëf ju tegu ba mu ëpp ci ndigal moom lañu jiital, ba seen jaamu Yàlla mujj nekk ngistal, ak xeebeel seen digg ak képp ku bokkul ci ñoom.

**gaalu kóllëre g-:** Mooy waxande wa ñu dencoon àlluway xeer ya Yàlla joxoon Musaa. Àlluwa yooyu la lale kóllëre ga mu fas ak bànni Israayil. Li waral ñu tudde ko **gaal ga seede sa dence**, mbaa **gaal ga àlluway seede sa dence** moo di àlluwa yooyu, seede la woon ca la Yàlla santaane. Bu gaal ga masaana teew béreb, loolu day firndeel ne Yàllaa fa teewal ag leeram ngir ñoñam.



Gaalu kóllëre gi ak ñaari jëmmi malaakay serub yi yiir kubeeru njotlaay ga

**gaana:** Baat bi man naa ëmb yeneen jàngoroy der, yu dul gaana kese. Ci yoonu Yonent Yàlla Musaa, ku gaana, taq sobe.

**Ilyaas:** Yonent bu mag la woon. Lu tollook juróom ñetti téeméeri (800) at la jiitoo jamonoy Almasi bi. Yonent Yàlla Malasi moo jottali kàddug waxyu bi, bi mu nee: «Maa ngii di yebal ci yeen Ilyaas yonent bi, balaa bésub Aji Sax jee teew.» Seetal ci *Malasi* 3.23. Amoon na ñu xalaat ne Ilyaas dina dellusi ci àddina bala Almasi biy ñëw.

**jaamookaay(u Yàlla) b-:** Seetal ci **xaymab ndaje m-**.

**jotkat b-:** day bokk ci njaboot gi, te wàllam moo doon fexe ba jotaat li giir gi ñàkk. Muy nit ku ñu bóom, jotkat bi wara topp ka ko bóom ba rey ko. Mbaa muy ku ñu xañ yoon ci giir gi, jotkat bi war koo jàppale ci wàllu yoon. Mbaa muy alal ju ku bokk ci giir gi ñàkk, jotkat bi war koo jotaat. Gannaaw Aji Sax ji moo dénkoon suuf si bànni Israayil, ñu yor ko, sañuñu ko woona jaay. Bu ñu ci tayle woon lenn lu ñu feye bor it, wareef la woon ci fexe ba loola dellu ci seeni loxo. Su ko defee suuf si des ci bokk gi, di wone seenug bootu ci mbooloo mi kóllëreg Aji Sax ji lal.

Jotkat benn la ci turi Yàlla yi. Yàlla jot na bànni Israayil ci njaam ci Misra (seetal ci *Mucc ga* 6.6), ba def leen moomeelam. Ca la nangoo wareefam, di leen xettali ci bépp noon bu leen jógal.

**jot:** Doom aadama yépp ci nootaangeg bàkkaar lañu nekk, mel ni ay jaam. Ni ñuy feye njëgu jaam, ngir goreel ko, noonu la Yeesu Almasi bi joxee bakkanam, ngir jot doom aadama, jële ko ci bàkkaar ak daanam, di dee bi ñu yelloo. Laata Almasi bi di dee, sarax yi lañu ko doon xaarandikoo.

**juutikat b-:** Ca jamono yooya juutikat ya ay Yawut yu dëng lañu woon. Waa Room lañu doon liggéeyal, ba tax Yawut ya waa Room tegoon tànk, jéppi leen, jàppe leen ay workat yu génn xeet.

**kaala g-:** Bu njëkkoon, ñi yore nguur ñoo daan kaalawu, mu mel ni màntob buur. Ñi daan raw ci ay po itam, kaalag xobi garab lañu leen daan terale. Te it kaala, dees na ko misaale añ, bi Yàlla dencal aji jub ñi.

**Këlódd:** Seetal ci **Sesaar**.

**kóllëre g-:** Ci Mbind mu sell mi, digoo la bu ëmb ay dige. Man nañu koo tëral, mu dib digoo diggante nit ak moroom ma, mu mel ni la Ibraayma digoo woon ak Abimeleg (seetal ci *Njàlbéen ga* 21.27), mbaa diggante kilifa ak dagam. Kóllëre gu ni mel la Yàlla taamu woona fasook nit, mu mel ni la Yàlla digoo woon ak àddina, jaare ko ci Nóoyin (6.18), mbaa diggante Yàllaak Ibraayma (15.18), mbaa Yàllaak Isaaxa (17.19). Ñetti yoon yu mujj yooyu ñu lim, Yàlla rekk a dige; moom ci wàllu boppam moo fas kóllëre ak ñooñu. Ñoom defuñu dara lu dul gëm ko.

**ku bon ki:** mooy Seytaane ba tey.

**Ku sell k-:** Seetal ci **Aji Sell j-**.

**kuréelu àttekat y-:** Moo doon mbooloom njiiti xeet wa ca Yerusalem. Ñi ko séqoon di sarxalkat yu mag ya, ak magi xeet wa, ak ay firikati yoonu Musaa; mbooloom juróom ñaar fukki nit la daan doon.

**Kuus:** Réew la mu nekkoon ca bëj-saalumu Misra te ëmboon réewum Sudan ak Ecopi ga woon ak Nubi.

**Leween b-:** Lewi kenn la woon ca ña sos bànni Israayil, di fukki doomi Yanqóoba yaak ñaar. Lewi mooy maamu Musaa ak Aaróona. Aaróona la Yàlla tànn muy sarxalkat bu mag ba. Ñi soqikoo ci moom ñoo daan donnante liggéeyu carxal bi. Leween ña ca des ñoo leen daan jàppale ca liggéeyu kër Yàlla ga. Seetal ci *Màndiŋ ma* 3.5-9.

**Lewi:** Maam la ci Musaa.

**Màggal yi:** Ci biir màggali Yawut yi, amoon na ñetti màggal yu mag yu ànd ak tukkib siyaare: màggalu bésub Mucc ba, màggalu Ngóob topp ci, juróom fukki fan gannaaw loolu; ak màggalu bési Mbaar yi, di ñeenti weer gannaaw màggalu Ngóob.

**màggalug Ayi bés:** Dañu koo tudde nii ndax ca juróom ñaareelu ayu bés lu weesu dimaasu màggalu bésu Mucc ga, ca lay ame. **Pàntakot** mooy tur wi ñu ko mujj tudde. Seetal ci **màggalug ayi bési Ngóob m-**.

**màggalu Farmàngu m-:** Kuy farmàngu, jeexal nga bépp liggéeyu tool. Jamonoy lolli lañu daan amal màggal gii

ca réewum Israayil, mu dëppook diggu sàttumbar. Moo yemook fa ndajalem meññeef ma jeexe, gannaaw bu ñu wittee oliw jaak reseñ ja. Dees na ko woowe itam màggalug **ayu bésu Mbaar yi**.

Ci wàllu diine, at maa nga daan tàmbalee ci weeru Nisan, di màrs jàpp awril, yemook weer wa bànni Israayil génne Misra. Waaye ci wàllu caada, at maa nga daan jeexe ci diggu weeru sàttumbar, mu dëppook njeextel liggéeyu tool ya ca réewi penku yooyu. Seetal ci *Mucc ga* 23.16 ak 34.22.

**màggalu bésu Liit y-:** Liit gi béjjénu kuuy la daan doon, ñu di ko wal wal mu xumb ngir yéene at mu bees. Seetal ci *Sarxalkat yi* 23.23-25.

**màggalug ayu bésu Mbaar y-:** Màggal la gu bànni Israayil daan amal, diiru juróom ñetti fan yu ñuy dale mbaar yu ñu defare cari garab. Ñu di ko amal gannaaw bu ñu wittee reseñ ak oliw ak yeneeni meññeef. Su ko defee seeni sët xam ne ciy mbaar la Yàlla dëkkaloon bànni Israayil, ba mu leen génnee réewum Misra. Seetal ci *Sarxalkat yi* 23.33-43. Dees na ko woowe itam **màggalu Farmàngu**.

**(màggalug) ayu bésu Mburu mu amul lawiir b-:** Moo topp ca bésub Mucc ba, di màggalug ayu bés. Ca la bànni Israayil daan lekke mburu mu amul lawiir, di ko fàttalikoo fitna ja seeni maam génne réewum Misra; taluñu woona nég sax, ba mburu ma funki. Mburu mu amul lawiir di misaal itam ni seen xol wara selle ñeel Yàlla. Seetal ci *Sarxalkat yi* 23.6-8.

**(màggalu) bésub Mucc b-:** Bésub Mucc ba, weeru Yawut wa jiitu la daan yemool, mu dëppook awril ci weeru tubaab. Bànni Israayil daan ca baaxantal la xewoon ca réewum Misra ca jamonoy Yonent Yàlla Musaa. Mooy ba maam ya rendee ay gàtt, taqal deret ja ca seeni buntu kër, ba tax malaakam reykat ba jéggi seeni kër. Noonu la leen Yàlla musale ca musiba ma mu wàcce ca Misra, goreel leen, génne leen ca loxoy Firawna, buuru Misra, ba génne leen réew ma.

**màggalu Ndoortel meññeef m-:** Ca bés booba la beykat daan indi ca kër Yàlla ga takku peppum lors bi mu njëkka góob, ngir sarxalkat bi yékkati takk bi, jébbal ko Aji Sax ji. Mooy bés bi Almasi bi dekki itam (1.Korent 15.20).

**màggalug ayu bésu Ngóob m-:** Ca ñetteelu weeru Yawut lañu ko daan amal. Gannaaw bu bésub Mucc ba weesoo lu mat juróom ñaari ayi bés, ca lañu ko daan amal. Ca lañu daan sante Yàlla ca seen naataangey ngóobum bele. **Pàntakot** mooy tur wi ñu ko mujj tudde. Dees na ko woowe itam **màggalug Ayi bés**. Seetal ci *Sarxalkat yi* 23.15-22.

**bésub Njotlaay b-:** Amoon na ca fukkeelu fanu juróom ñaareelu weer wa. Ca bés booba la sarxalkat bu mag ba yóbbu deretu mala fa kanam Yàlla, ngir mu baal Yawut ya seeni bàkkaar. Bés bu sella sell la woon, ca lañu daan yendoo woor. Seetal ci *Sarxalkat yi* 16 ak 23.26-32.

**Pàntakot:** Seetal ci **màggalug ayu bésu Ngóob m-**.

**màkkaan(u Aji Sax j-) m-:** Seetal ci **xaymab ndaje m-**.

**malaakam Aji Sax j-:** Lée-léeg day mel ni ndawal Yàlla Aji Sax ji, lée-léeg mu niru ko, maanaam mu def boppam Yàlla (*Njàlbéen ga* 16.13); ñi ko gis di ko màggal ni Yàlla, te dañoo ragal dee ndax li mu leen feeñu (*Njiit ya* 6.18-24). Gëstukati Mbind mu Sell mi wax nañu ci Yàlla ji nëbbu ak Yàlla jiy feeñ. Ba mu njëkkee feeñ, yaayu Ismayla, Ajara, la feeñu.

**mànn:** Moo di ñam wa Yàlla wàcceeloon Musaa ak bànni Israayil, ba ñu gàddaayee Misra, jëm ca réew ma leen Yàlla digoon. Seetal ci *Mucc ga* 16.12-21.

**Mbaar y-:** Seetal ci **(màggalu bési) Mbaar y-**.

**Mburu mu amul lawiir:** Seetal ci **(màggalug) ayu bésu Mburu mu amul lawiir b-**.

**mburum teewal m-:** Ayu bés bu nekk sarxalkat ya daan nañu sàkk fukki mburu ak ñaar, teewal ko Yàlla ca taabal ja ca kër Yàlla ga, muy misaal ni bànni Israayil jébbaloo ci Yàlla.

**néeg bu sell b-:** Muy xaymab ndaje ba, di itam kër Yàlla ga ñu mujje tabax, lu ci nekk ñaari wàll lees ko séddale woon. Wàll wu njëkk, wa ngay janook rido ba, moo doon néeg bu sell ba. Sarxalkat yépp a fa sañoona dugg. Néegu biir ba ca wàllaa rido ba lañu doon tudde néeg bu sella sell ba. Sarxalkat bu mag ba doŋŋ moo sañoona dugg benn yoon cim at ca néeg bu sella sell ba te deretu sarax lay duggaale. Taxawalinu xayma bi ak tabaxinu kër Yàlla gi ak li ci biiram, lépp, sellaayu Yàlla lay misaal.



Néeg bu sell ba ak li ci biir, di tegukaayu làmp bi ak taabal ju ñuy taale saraxu cuuraay li ak taabalu mburum teewal mi ak rido bi

**néeg (Yàlla) bu mag b-:** Mooy néeg bu mag ba nekkoon ca biir tabaxu kër Yàlla ga. Néeg boobu, sarxalkat yi ak Leween ñi doŋŋ a fa sañoona dugg. Dees na ko woowe it néeg bu sell bi, mu wuuteek néegu biir bi, di néeg bu sella sell bi, te sarxalkat bu mag ba doŋŋ sañ faa dugg benn yoon cim at.

**ngaana g-:** Baat bi man naa ëmb yeneen jàngoroy der, yu dul ngaana kese.

**njiitu gàngoor g-:** Mbooloom juróom benni téeméeri (600) xarekat la daan yilif.

**njiitu takk-der b-:** Téeméeri xarekat la daan yilif.

**njot g-:** Seetal ci **jot**.

**njotlaay g-:** day tekki mboolemi sarax mbaa sangu-set buy dindi sobe; man naa tekki itam lépp lu nuy jubaleek Yàlla mbaa ku nuy jubaleek Yàlla, nu jaare ci am njéggal.

**Noflaay, bésub:** Moo doon juróom ñaareelu bés ci ayu bésu bànni Israayil. Bés la woon bu ñu jagleel Yàlla, ñu aaye ci bépp liggéey. Bésub Noflaay boobu Yàllaa ko séddoo, ba muy sàkk lépp. Gannaaw gi la tànn bésub Noflaay, firndeele ko kóllëre gi mu fasoo ak bànni Israayil.

**Noo gu Sell g-:** Moo di Noowug Yàlla. Du malaaka te du mbindeef. Mooy Taxawukat, bi Almasi bi digoon ay taalibeem, ne mooy dikk dëkk ci seen xol, di leen dooleel aka sellal. Moo di itam Xel mu Sell mi. Lée-léeg mu doon ngelaw (Esekiyel 2.2; 3.14). Lée-léeg mu dikkal yonent mbaa njiit, xelal ko (Njiit ya 6.34).

**Osaana:** Mooy tekki: «Yàlla musal nu!» di mujja nekk baatu màggal Yàlla.

**Pilaat:** Poñsë Pilaat moo taxawaloon nguuru Room ci diiwaanu Yude, 26—36 gannaaw juddub Almasi bi. Moo joxe ndigal la reylu Yeesu.

**rab:** Lée-léeg dees na ko woowe rab wu sobewu te di selladil. Ci Yawut yi ku rab jàpp dangay taq sobe ba dootuñu la may nga dugg ci jàngu bi mbaa kër Yàlla.

**Sadusen y-:** Tariixa lañu woon ci biir Yawut yi, di ñu amoon alal ca sarxalkat ya, te am doole ca nguur ga. Gëmuñu woon ne dund amati na feneen fu dul ci àddina, te gëmuñu woon malaaka.

**Samari:** Mooy diiwaan ba nekkoon diggante Yude ak Galile. Ñu bare ci waa Samari ay yéefar la leen Yawut yi jàppe woon, te ay noon lañu woon.

**Sarax yi:** Sarax yi ñuy wax fii, Yàlla lañu koy jagleel. Yàlla sant na bànni Israayil ay xeeti sarax yu bare: ay saraxi yéene ak ay saraxi sañul-bañ ak sarax su ñuy tuural Yàlla ak saraxu xaalis ak saraxu pepp. Waaye li ci ëpp ay saraxi tuur deret la woon yu leen Yàlla tegoon, ngir seen njéggalug bàkkaar. Su ko defee ñu mana dëkke jokkook moom, Yàlla ju sell ji, ndax saraxu deret ja. Am na ci ay sarax, Yàlla da ciy xamal bànni Israayil ne peyug bàkkaar mooy dee, te deewu jur gi ñuy sarxal, njot la ci boroom sarax bi. Bu loolu weesoo, deretu sarax dina fóot sobes bàkkaar itam,

muy sobe suy topp nit mbaa lenn ci jumtukaayi jaamookaay ba.

**saraxu cant ci biir jàmm:** Mooy sarax, bi ñu daan sante Yàlla jàmmam. Sarax boobu ag jur lay doon gu ñuy séddale ñetti cér. Benn bi, ñu lakkal ko Aji Sax ji ci sarxalukaay bi, ba mu jeex. Benn bi, sarxalkat yi féetewoo ko. Ñetteel bi, ki sarxe moo koy lekk, ak waa këram.

**saraxu dóomal:** Seetal ci **saraxu rendi-dóomal**.

**saraxu ndoortel meññeef:** Meññeef mu njëkka ñor la bànni Israayil daa sarxalal Aji Sax ji, mu yemook seen màggalu Ngóobum at mu nekk. Muy la njëkka ñor, di lu góor lu nit ak jur taawloo, lépp lañu séddoon Aji Sax ji, muy moomeelu boppam.

**saraxu pepp m-:** Peppam bele la mu ñuy jagleel Yàlla. Lenn li, ñu jaxase kook cuuraay ak diwu oliw, taal ko. Li ci des sarxalkat bee ko moom. Sarax la bu ñu daan defal Aji Sax ji, muy galag bu ñuy nangoo nguuram, nangoo ko moomeel gu mat sëkk gu mu moom bakkanu ki koy joxe. Nit ki daan ko yeesloo ngiñam ne dina sàmmonte ak kóllëreg Aji Sax ji.

**saraxu peyug tooñ:** Bu nit tooñee ci lenn lu sell lu mu teddadil, muy jumtukaay bu sell mbaa sarax, mbaa lu bokk ci bànni Israayil gi Yàlla sellal, mbaa mu sofental sellaayu turu Yàlla; bu defee lenn ci yooyu, pey gu mat sëkk war na ko ci gépp tooñ gu ni mel, te war na caa teg daan bu tollook benn xaajub juróomeel, ñeel ka mu tooñ. Gannaaw loolu itam war na caa boole sarax bu muy defal Yàlla, doora am njéggal.

**saraxu póotum bàkkaar:** Ci misaal, sarax la buy dindi sobe, di far ag tooñ. Ag jur lay doon gu nit ki di rendil Yàlla, defal ko ko sarax. Li ñu ciy xaar moo di bu ñu tuuree deret ji, bakkanu jur gi mooy wuutu bakkanu ki sarxe. Sarax boobu it dees koy lakk.

**saraxu rendi-dóomal:** Mooy tekki sarax su kenn dul lekk dara. Dañu koy lakk muy saxaar, ba jeex, jagleel lépp Yàlla.

**sarax bu ñuy tuural Aji Sax ji, saraxu tuuru:** Saraxu naan la bu ñu daan defal Yàlla, muy ànd ak saraxu rendi-dóomal mbaa saraxu pepp. Li ci ëpp biiñ la daan doon, ñu di ko sotti ca taatu sarxalukaay ba.

**saraxu yéene:** Xeetu saraxu cant la ci biir jàmm. Day neex boroom, mu def ko, waaye du wartéef.

**sarax bu ñuy yékkati, jébbal Aji Sax ji:** Turu sarax boobu day wone ne dañu ko daan yékkati, mel ni ku koy jox Aji Sax ji, door koo wàcce. Jombul ay yooni yoon lañu ko daan yékkati, wàcce.

**sarxalkat b-:** Ab sarxalkat, njiitu diine la bu sasoo di rendil jaamukat yi seeni sarax. Muy yéefar yi di bànni Israayil, ku ci nekk amoon na ay sarxalkatam yu leen di taxawal ca kanam ka ñu gëm, mu dim tuur su dee yéefar yi, mbaa muy Aji Sax ji, su dee bànni Israayil. Yàlla moo tànn ñi bokk ci giirug Lewi, doomu Yanqóoba, ñuy Aaróona ak ñi askanoo ci moom, ngir ñu taxawal bànni Israayil fa kanamam. Sarxalkati bànni Israayil ay góor lañu yu ñu sellalal Yàlla, ñu féetewoo liggéeyam. Ñoo sasoo liggéey biy jubale mbooloo meek Yàlla. Ñoo leen di sarxalal te ñoo yore liggéeyu jaamu Yàlla bi. **Sarxalkat bu mag bi** moo doon kilifay sarxalkat yi, te mooy misaal Almasi Yeesu, mi nuy àgge fa Yàlla.




Colu sarxalkat bu mag bi

**sarxalukaay b-:** Waa penku baaxoo woon nañoo yékkatil seeni yàlla ay sarxalukaay ci yenn béreb, ngir njukkale ko seeni yàlla. Sarxalukaay yooyu, ban lees ko daan tabaxe mbaa ay xeer, mu taxawe ni waxande, te jur gi ñuy def sarax di tege ca kaw.

Niti Aji Sax ji ci seen wàllu bopp, naka jekk, daan nañu yékkatil Aji Sax ji ay sarxalukaay yu ñu koy njukkale. Ba kërug jaamookaayu Aji Sax ji taxawee itam, noonu la bànni Israayil ame woon ñaari sarxalukaay ca biir kër Yàlla ga, benn bi ñuy lakke jur gu ñu rendi, bi ci des, ñu di ci taal cuuraayu sarax. Sarxalukaayu jur gi amul woon kubeer ca kaw, waaye ab caaxam la àndaloon, ñu di ci teg matt mi ñuy lakke jur gi. Ay béjjén lañu sàkkaloon boobu sarxalukaay ca ñeenti coll yi ci kaw.

**Sefas:** Mooy tur wu Almasi bi tudde Simoŋ Piyeer, kenn ci fukki ndawi Almasi bi ak ñaar. Sefas ci làkku yawut, ak Piyeer ci làkku gereg, «xeer» lay tekki.

**selaw:** Jàpp nañu ne ndigal la luy taxawloo woykat yi, te jombul xalam yi wéy ba tey. Waaye man naa nekk itam ndigal ngir xalam yeek woykat yi gëna xumbal.

**sell:** Lu sell, ni ko yoonu Musaa dégge, mooy lu ñu beral Yàlla; man naa doon nit, mbaa ab jumtukaay, mbaa ab pàkk. Mboolem lu set te sellaluñu ko, su laalantee ak lu sell, lu sell loola day daldi teqalikoo ak sellaayam. Waaye du tee lu sell la set, li feek sobe laalu ko. Lu sell nag, bu taqee sobe rekk, sobewu na. Day daldi doon lu setul. Moo tax lu sell warul dajeek sobe fenn.

**serub y-:** Baatu ebrë la. Ay mbindeef lañu yu bokk ak Yàlla jataay. Ñooy wattu dénd ba ngànguney Yàlla nekk, ba foofa dëkke sell. Jaamookaayu Yàlla ga amoon na gaal gu ñuy woowe gaalu kóllëre ga. Ñaari serub yu ñu tëgge wurus lañu tegoon ca kawam, ñu tiim ko, seeni laaf firiku, di saamandaay ngàngunem buur. Loolu di wone ne Yàlla Aji Sax jaa nga fa teew, na mu teewe ca kaw asamaan, serub ya yéew ko. Yàlla ci boppam nag kenn jëmmalu ko fa, na ñu jëmmale serub ya ñu tëgg.

**Sesaar:** Sesaar, buuru Room, réew yu bare la yilifoon, ba ca réewum Yawut ya. Lim nanu buuri Room, yi ñu tudd seen tur ci Mbind mi.

**Ogust**: 30 at lu jiitu Almasi bi, ba 14 g.A: fukki at ak ñeent gannaaw juddub Almasi bi (*Luug* 2.1) .

**Tibeer**: 14 g.A.—37 g.A. (*Luug* 3.1).

**Këlódd**: 41 g.A.—54 g.A. (*Jëfya* 11.28).

**Nero**: 54 g.A.—68 g.A. (*Jëfya* 25.10-12; 27.24).

**Domikan**: 81 g.A.—96 g.A. (*Peeñu ma* 1.9).

**Seytaane:** Mooy malaaka ma dëddu Yàlla, ba noonoo ak moom, te moo yóbbaale malaaka yu bare yu ànd ak moom ci jaww ji. Dees na ko woowe itam: Beelsebul; Belyar; Ibliis; Tuumaalkat bi; yàllay xarnu bi, kilifay àddina si.

**Sidon:** Seetal ci **Tir**.

**Siyoŋ:** Mooy turu tund wa ñu tabax Yerusalem ci kawam. Dees na ko dàkkentale itam askanu Yawut.

**Sodom ak Gomor:** Dëkk yu siiw la woon ca jamonoy Ibraayma. Waa Sodom

ak Gomor la seeni bàkkaar réyoon, ba Yàlla tas dëkk ya. Seetal ci *Njàlbéen ga* 19.24-25. Léeg-léeg turi dëkk yooyu dees na ko misaale xeeti yàqute, yi waa dëkk ya daan def.

**taaw b-:** Su ñu nee Yeesu Almasi bi mooy taaw bi, du lu jëm ci juddoom waaye ci darajaam la. Yeesu Almasi bi moo sut ñépp te moo yilif lépp luy mbindeef. Rax ci dolli mooy ki njëkka dekki, ndekkite lu dee toppul, te ci darajaam la nit ñiy dekkee. Moom mooy Sëtub Daawuda bi sottal dige bii ci *Taalifi cant* 89.27-30: «maa ko def samab taaw, tiimale ko buuri àddina.»

**teg loxo:** Almasi bi aki ndawam ak magi mbooloom gëmkat ñi ñoo baaxoo di teg nit seeni loxo, ngir màndargaal barkeb Yàlla bu ñu ko jottali, mbaa wér-gi-yaram gu ñu koy sàkkul fa Yàlla, mbaa ab sas bu ñu koy sas ci ndigalal Yàlla.

**Tir:** Tir ak Sidon, ay teeru lañu woon yu siiw ndax seeni bàkkaar, ca diiwaanu Siri.

**tundu Oliw y-:** Tund la wu am taxawaayu 800 meetar, féete ci penkub Yerusalem, te sëqoon ak garabi oliw. Fa la Sang Yeesu daan farala wéetoo ak Yàlla.

**Urim ak Tumim:** Ñaari jumtukaay yu ndaw la woon, sarxalkat baa ko daan seete ci Yàlla, ngir xam lu mu namm. Xeetu ceetin wu dagan la. Xameesul nag nan lañu ko daan jëfandikoo, waaye jombul mu nirook ab tegoo bant.

**waxyu:** Wax lay doon, ju Yàlla déey ay nitam, ñu war koo jottali.

**woy yi ñuy yéege** Jombul ay woy la yu màggalkat yi daan woy bu ñuy yéeg, jëm Yerusalem ci bési màggal at mu nekk.

**Xaalis:** Gis nanu ci téere bii xaalisu ñetti xeet:

**Yawut yi** seen bos moo doon:

| | |
|---|---|
| lepton | *Màrk* 12.42; *Luug* 12.59; *Luug* 21.2 |

**Waa Room** amoon nañu poset yii:

| | |
|---|---|
| kodorantes | *Macë* 5.26; *Màrk* 12.42 |
| asariyon | *Macë* 10.29; *Luug* 12.6 |
| dinaar | *Macë* 18.28 (100 dinaar); 20.2, 9, 10, 13 (1 dinaar); 22.19 (1); *Màrk* 6.37 (200); 12.15 ( |

**Gereg yi** amoon nañu poset yii:

| | |
|---|---|
| daraxma | *Luug* 15.8 |
| didaraxmon | *Macë* 17.24 |
| estateer | *Macë* 17.27 |
| mina | *Luug* 19.11-27 |
| talaŋ | *Macë* 18.24; 25.15-38 |

Méngale seen xaalis ak sunu xaalisu tey, lu jafee def la. Ba tey gis nanu ci *Macë* saar 20 ne, *dinaar* moo doon peyug bëccëg ci kuy liggéey tool, kon man nanu koo fexee yemale ak 1.000 CFA. Su nu tàmbalee lim bi nag ci *dinaar*, muy benn kepp [1], kon lii lanu ci tëral:


| Yawut | Waa Room | Gereg yi | Njarii |
|---|---|---|---|
| lepton | | | ÷ 128 |
| kodorantes | | ÷ 64 | 15 farã |
| asariyon | | ÷ 16 | 60 farã |
| dinaar | daraxma | [1] | 1.000 f |
| didaraxmon | × 2 | 2.000 farã | |
| estateer | × 4 | 4.000 farã | |
| mina | × 100 | 100.000 farã | |
| talaŋ | × 6.000 | 6.000.000 farã | |

**xaraf:** Xaraf lañu daan firndeele kóllëre gi Yàlla fas ak Ibraayma, te it màndarga la muy firndeel kóllëre gi Yàlla séq ak bànni Israayil. La Yàlla santoon bànni Israayil ci seen xale bu góor mooy, bu bésub juddoom dellusee, ñu xarafal ko.

**xar-sànni m-:** Mbubbu jaamookaay la, mu sarxalkat biy sol, kiiraayal dënn ba tege ca kaw. Kiiraay li xeetu jiba la ju daan def jumtukaay yooyu ñuy wax Urim ak Tumim, jumtukaay yu sell yi ñuy seete, ba xam li Yàlla namm.

**xaymab jaamookaay b-:** Seetal ci **xaymab ndaje m-**.


**xaymab ndaje m-:** Ba bànni Israayil nekkee ca màndiŋ ma, moo doon seen jaamookaay bu ñu mana wékki, yóbbu. Fa la Yàlla taamu woona misaale teewaayam ci digg ñoñam ñi mu goreel. Bi bànni Israayil duggee Kanaan, samp nañu xaymab ndaje ma ca dëkk ba ñu naan Silo. Bi Suleymaan doon tabax kër Yàlla ga ca Yerusalem, xaymab ndaje maa nga nekkoon dëkk ba ñu naan Gabawon.




Xaymab ndaje mi, di itam xaymab jaamookaay bi



Kër Yàlla ga ca jamonoy Almasi bi, te Buur Erodd tàmbali woon koo tabax. 586 at yu jiitu Almasi bi, ca la mboolooy xarey Babilon daaneel kër Yàlla ga jëkk, te Buur Suleymaan tabaxoon ko ca Yerusalem



Kër Yàlla ga ñu wonoon Yonent Yàlla Esekiyel ci am peeñu

**xóote b-:** Mooy fa ñu tëj Seytaane ak malaaka yi ànd ak moom, di leen nége seen mbugal.

**Yanqóoba:** Weneen turam di Israayil. Sëtub Ibraayma la. Aw turam di dàkkentale itam askanu Yawut.

**Yaxya:** Yaxya doomu Sàkkaryaa mooy yonent bi Yàlla yónni ci bànni Israayil, ngir ñu tuub seeni bàkkaar, teertu Almasi bi te nangu njàngaleem.

**Yerusalem:** Mooy Baytilmoqades. Mooy péeyu réewum Yawut, te fa la kër Yàlla ga nekkoon. Foofa rekk lañu manoona rendi ay saraxi mala yu ñu jébbal Yàlla.

**Yese:** Mooy baayu Buur Daawuda mi bind lu bare ci *Taalifi cant*. Ci moom la Almasi bi soqikoo.

# Fireekaay bi

**Aji Sax ji:** Turu Yàlla la. Mooy Ki nekk ba fàww.

**astandiku:** Mooy noppalu, noyyiwaat.

**bànqanoos b-:** Ay ñuulit yu niin la yuy tegu ci taatu cin, mbaa ci waañ wu ñu yàgga togge.

**bàq b-:** Mooy suuf su tooy su tawee ba noppi.

**barax b-:** Gàncax la guy sax ci wetu dex.

**barmol b-:** Mooy sëllu wu doora juddu.

**bufta b-:** Ab béjjénu kuuy la, bu ñu bënn ñaari wet yi, ngir man cee wal. Dañu ko daan jëfandikoo ngir joxe ndigal mbaa dajale nit ñi.

**buur nopp:** Luy yéeme ba fees nopp. *Li ma dégg tey de, buur na samay nopp.*

**callweer w-:** Ngelaw lu am doole, di wërngalu ak xél wu réy.

**céebo g-:** Taw bu jëkk la.

**cumbur m-:** Doomu mbaam la.

**dàbbali:** Mooy defaraat tabax, ba mu gëna dëgër.

**dagg b-:** Xeetu garab gu ndaw la, gu gëna dëgër xaaxaam.

**dann /ne/:** Topp ci lenn rekk, di ko dàq, bañ koo ba. Dina firi itam ne cell.

**dëël:** Mooy dëkkal.

**dëmbéen y-:** Jumtukaayu biir yaram bu nekk ci weti ndigg li, doon ñaar, di setal deret.

**dénd w-:** Mooy yaatuwaayu suuf mbaa ab béreb.

**dëx bi-:** Balaa ngay dugg cib néeg, dëx bi ngay jëkka joggi, mbaa nga jéggi ko.

**dooñ:** Mooy dagg jumbaxu liir buy doora juddu.

**duural:** Mooy sosal nit.

**faagaagal:** Rey ay nit mbaa mala, ba ñu jeex tàkk. Ci Kàddug Yàlla, mooy li ñu jagleel Aji Sax ji, te nit sañu koo jëfandikoo.

**faam:** Lu lay bi faam mooy lu lay bi tuuru ba defi fepp, sàng ko.

**far:** Mooy jeexal tàkk, dindi.

**fara bunt b-:** Mooy jawriñu kilifa jiy wattu bunt yi.

**faraas /ne/:** Dénd bu ne duŋŋ, dara saxu ca, dara nekku fa.

**fëlëñu:** Mooy daanu jéll bu metti.

**fenqe:** Mooy boole ñaari yëf, bu ci nekk dal moroom ma ak doole. *Seeni ñaari saamar fenqe.*

**fere y-:** Mooy ay gone, diy perantal itam.

**ferñent w-:** Mooy fettaxu sawara.

**fétteeral:** Mooy topp jëf ju bon rekk, te artu taxul nga ba ko.

**focci:** Jamono ji garab guy joxe pepp tàmbalee génne gub.

**fóññ /ne/:** Lëndëmal kanam ndax mer. Mooy **fuññ** ba tey. *Xale boo door mu ne fóññ.*

**ful:** Mooy bareel mbir, mbaa yokk ab xeet mbaa ay ngëneel mbaa barke.

**fulandiwu:** Yokku, gëna bare, gëna sakkan. *Nit ñi gëm nañu ne, kuy sarxe alalam day fulandiwu.*

**gàbb:** Suuf su ñu wara bey lañu koy def, di ko walbatee ab jumtukaay, ba mu nooy.

**galag b-:** Ab cér la bu nit ki mbaa gox bu bootu ci nguur di sédd kilifa gi toogal nguur gi.

**gànc g-:** Góor mbaa jigéen juy jaay boppam, di moy Yàlla.

**gànjar g-:** Ay takkaayi tànnéef lay doon, mbaa xeeti alal yu ni mel yu am njarte. Man naa doon wurus, mbaa xaalis mbaa xeeti per.

**gaw:** Ab dëkk lañu ko daa def cib xare, bala ñu koo song, yéewe ko ay xarekat aki ngànnaay, ba kenn du dugg, kenn du génn. Man nañu koo def ay at yu bare ngir xiifal waa dëkk ba.

**gawar g-:** Mooy xarekat bu war fas, mbaa kiy dawal watiiru xare.

**gëndoo:** Jàpploo, booloo, doon benn. *Bu tawee, ndox mépp ay wal, gëndoo benn béreb.*

**geño g-:** Ñu bokke ci geño, ñoo bokk baay mbaa maam ju góor ci wallu baay.

**giif:** Soo meree, ba mer ma jeex.

**giir (g-):** Mooy barele ay doom aki sët, di firi itam askan ci wallu baay.

**goor:** Mooy tëdd tëraayu mala. *Ma ngay yuug aka goor ni gayndeg sibi.*

**gooy:** Gub gu gooy ñorul ci ndeyam; day daanu, wow koŋŋ. *Dugub ju gooy du am ñam.*

**gott g-:** Àll bu am ay garab yu bare te mag.-

**jarag j-:** Nit ku wopp la.

**jaww j-:** Mooy diggante asamaan ak suuf.

**jeeg:** Baat la bu mana weccikoonte ak «xasa», ñu di ko tekkee lu xasa am ba noppi. Mel ni *Nit ku dee jeeg, doktoor amatu ci yoon.*

**jéeri j-:** Mooy bépp suuf su yaatu, su wuuteek géej, gëna réy dun. Dinañu faral di wax ne jéeri ak géej mooy àddina si.

**jëtun b-:** Ku jëkkëram faatu la. Mooy **jëtur** ba tey.

**jëxëm:** Ku bare kawar, ba yaram wi sëq lañu koy wax.

**jinigal:** Jëfi ngistal lay doon mbaa ay waxi neen yu nit kiy namma wone benn xar-kanam bu dul dëgg ci moom, ngir naxe.

**joor g-:** Suuf su wow, su amul ndox. Ndox du fa taa, day dem ca xur wa. *Waa Bawol, ag joor lañu miin. Amuñu dex, amuñu géej.*

**kàmbóot b-:** Ci tóor-tóoru garab la bokk, bindoo ni ab kopp.

**kàngam b-:** Kilifa gu bare xam-xam la cib dëkk.

**kem g-:** Mooy wone fu ab dénd yem, muy am réew, ab dëkk, ab gox mbaa ab pàkk.

**kéméj g-:** Mooy cat li.

**koltaar b-:** Sorewul ak godoroŋ. Dinañu ko fatte gaal ngir defaraat ko, ndox bañ cee dugg.

**kulbét /ne/:** Mooy jekki-jekki ubbi.

**kuñeental b-:** Ci ab tool lañu koy def, di ko xoqtale ay rab yu ndaw, aki njanaaw, ngir ñu baña yàq tool bi.

**laatikaaf:** Mooy sonn, loof, ba néew doole.

**làng g-:** Ni ñu séddalee xeeti àddina, ay xeet la, xeet wu nekk aki làngam, làng gu nekk aki këram, kër gu nekk aki njabootam.

**lẽe:** Xeetu gàncax gu ñuy ràbb la, ba def ko ndimol tànnéef lu woyof.

**lël:** Lël sab noon, mooy xareek moom ba daan, foqati alalam.

**lenqe:** Mbokk gu jege lay wone. *Sa doomu jigéen, sa jarbaat lenqe la.*

**leqali:** Dundalaat mbir mbaa càkktéef.

**liir w-:** Xeeti gàncax guy law, di lalu ci mbir di ko yàq, te guusaay di ko indi.

**liit g-:** Jumtukaay bu bokk ci xeetu mbiib te gëna réy toxoro. Dañu koy defaree weñ.

**lors b-:** Xeetu pepp la.

**lupp b-:** Mooy fi féete kaw ci pooj.

**màndaxekaay b-:** Jumtukaay la bu ñuy natte ab diisaay, ñu di ko wax itam peesekaay mbaa balaas.

**màngaan:** Mooy di farala toxu, di dal feneen, mbaa wuti parlu yu gëna naat.

**maraas /ne/:** Mooy maase, tàlli, amul kàmb, amul tund. *Pàkk bu kenn tabaxul laa fa fekk, mu ne maraas.*

**mbàmbulaan:** Géej lañu koy dàkkentale, ndax màggaayam akum riiram.

**mbas m-:** Jàngoro la juy law cib dëkk, di dal ñu bare.

**mbelaar m-:** Xeeti picc la.

**mbell m-:** Mooy fépp fu ñuy gas ba man faa ame xaalis mbaa wurus walla lépp luy xeetook weñ. Dañoo faral di doon ay kàmb yu sore ci biir suuf.

**mbënn m-:** Mbënn mi man na doon bëtu ndox mbaa taa-taa ndox bu réy, ba jéggi dayo. Man na jóge it ci taw, mbaa muy ndox mu jóge ci suuf.

**mbéx m-:** Xewu jàmm muy indi mbégte.

**Misra m-:** Mooy réew mi ñuy wax Esibtë tey, doonoon réewu Firawna.

**mooco m-:** Mooy boppu yaxu pooj, bi dugglanteek yaxu ndigg.

**mool b-:** Nitu géej la, moo xam muy liggéeye gaal, mbaa mu dib nappkat.

**móol:** Dinañu ko wax **muul** itam. Ban bu ñuy def ci ndab lu xóot ngir mu jël bindub ndab la, weer ko ci naaj wi, mu wow, ñu di ko tegle ngir tabax ci ay béreb.

**ndëgmeent y-:** Bépp rab buy direeku mbaa di watatu ci suuf.

**ndiiraan g-:** Lu bare lay doon, lu ànd di yëngu, di dem. *Xale yi def nañu ndiiraan, topp màndikat bi.*

**nebbon b-:** Gerees la, diw gu way guy nekk ci nit mbaa mala.

**ngajju l-:** Jumtukaay bu cat li ñaw, ñu di ko beye.

**ngàngune m-:** Moo di toogub buur.

**ngàllo g-:** Béreb la bu ñuy yóbbu ay jaam, dëkkal leen fa.

**ngëlén:** Ngelaw lay doon, lu réya réy.

**ngér m-:** Mooy bépp yoonu ngëm.

**nguul l-:** Yetu sàmm la bu réy bu sàmm biy gànnaayoo.
**njafaan :** Mooy jaxase, boole cuuraay mbaa diw, mbaa di sàppali ag naan.
**njanaaw l- :** Moo di mboolem xeeti picc mu tuut mbaa mu réy, muy naaw mbaa muy dox.
**njëgg m-:** Giléem yu bare yu sëf am njaay.
**njekkar l-:** Mooy naqar lu réy mbaa ab jéyye.
**njobbaxtal l-:** Ca kaw-a-kaw, ca coll ba. Mooy **jombaxtal:** ba tey.
**ñag (b-):** Mooy aar ab tóokër mbaa dëkkuwaay ak ñax mbaa ay bant yu bare dég. Day firndeel kem itam.
**ñalgu w-:** Yéeg lu mel ni garab, mbaa aw tund, mbaa miir.
**ñall w-:** Yoon wu sew la cib àll.
**ñéeblu:** Mooy néegadee lor ki ngay jëflanteel, yërëm ko.
**paaxe b-:** Ku xarafagul lañu koy wax.
**pakk b-:** Ngànnaay la lu ñuy ŋàbb, di ko aaroo.
**parlu m-:** Àll la bu jur giy fore.
**péey b-:** Mooy dëkk bi gëna mag, mbaa bi buur bi dëkke cim réew.
**raas b-:** Xeetu yéegukaay la. Mooy **esel:** ba tey.
**ramm-rammi:** Ni rab yu sew-sewaan yi di def, di doxe. *Yamb yaa ngi ramm-rammi ci garab gi.*
**rammukat b-:** Mooy kiy dox diggante nit ak nit walla nit ak Yàlla.
**rëbb:** Mooy dëddu gu ànd ak móolu, di jur alkànde.
**ronq:** Yàq, ni max di yàqe lu mel ni bant.
**rukk ndéey:** Jekki am koo déey ay baat.
**ruujeef g-:** Mooy tool bu ñu waajal, ruuj ko ba mu jekk, bala ñoo ji.
**saamar b-:** Jaasiy ñaari ñawka la.
**sànj m-:** Merum Yàlla la. Mer mu réy, ba nit manu koo dékku.
**sarxalkat b-:** Njiitu diine la bu sasoo di rendil jaamukat yi seeni sarax.
**sàqi:** Mooy àndandoo dem.
**sawoor m-:** Xeeti picc yu tuuti la.
**seereer:** Jur gu seereer day am ay rëdd-rëdd.
**seleŋlu:** Noppi ci mbir, ne cell, bañ cee wax dara.
**sëllu w-:** Nag wu ndaw la.
**séndal:** Saaf.
**sëqatal:** Mooy sonal, loofal. *Ku sëqatal ag jur, bañ koo noppal, dinga ko ñàkk.*
**sereŋ:** Mooy lu wow koŋŋ.
**sewet:** Mooy bu tawee ba noppi. Mooy **sebbet** itam.
**seyaan b-:** Xeetu teen la bu xawa yaatu te tond, maanaam du xóot lool, ñu ciy dugg di tanq ndox.
**sigiñu :** Mooy fippu, jógal ku la noot.
**siide:** Mooy xeeb.
**sikkli:** Mooy gasaat teen bu ñu sëkkoon.
**solom:** Yoon wu ñu móol ngir jële ndox ca mbànd ma.
**tàdd b-:** Dencukaay bu ñuy dugal néew, ba keroog ñu koy rob. Man naa doon doj mbaa bant.
**tàkk l-:** Wetu dex la.
**tamarax b-:** Pëndax bu am melow mboq la, te boo ko lakkee day xasaw.
**téstën w-:** Mooy catu gannaaw tànk ci ndëggu li. *Ñaare futbalkat yi dinañu téyee bal seen téstën.*
**todde:** Jur gu todde day am lu mel niy tomb mbaa ay gàkk ci der bi.
**tono b-:** Mooy li ngay am ci am njaay boo ko teqaleek njëgam ga nga ko jënde woon.
**torlu:** Màndarga la mu ñuy dëggale ab digoo, mbaa ñu firndeele ko ag moomeel, di ko tàmpone ci ab jumtukaay mbaa lu nit bind muy ab bataaxal. Mooy tàmpo ba tey.
**waame w-:** Taw bu mag, defi wal.
**waax b-:** Fu gaal yi di teer, ñu fay takki gaal itam.
**wàkku b-:** Li ñuy dóore ngir daaj. Mooy marto ba tey.
**wasaare:** Mooy dàq, ñu tasaaroo.
**watatu:** Mooy ni jaan yi di direekoo ci suuf.
**wattu:** Mooy aar ab béreb, di ko sàmm, xëy-na ci sàcc mbaa ay doxandéem yu jubadi.
**waxyu:** Kàddug Yàlla lay doon, gu ab yonent di jottali. Lée-léeg bu ci ab yonent tolloo, day mel ni ku daanu leer.
**wedam:** Noppi, ne cell ngir kersa, jaaxle mbaa tiitaange.
**wëgg:** Mooy may ag jur ndox, ñu naan.
**wëllu w-:** Nag wu ndaw.
**wëyëŋ /ne/:** Mooy fu wéet, fu dara amul. *Dara nekku fa. Àll bu ne wëyëŋ la.*

**wirgo w-:** Mooy moroom, bokk xeet ci gàncax geek mala yi. *Bisaab am na ci ñaari wirgo, bu xonq ak bu weex.*

**wommat:** Wommat nit ki mooy jiite ko, teg ko ci yoon wi mu wara jaare.

**wërmbal g-:** Béreb bu tëju bu ñu mana defare ab xayma mbaa ay doj mbaa ay bant te di xawa nirook ëtt bu wërngalu.

**xaay:** Doomu garab buy waaja ñor.

**xala g-:** Mooy bant bu lunk bi ñuy fitte.

**xàmbaar g-:** Aw niir lay doon, wu mag te ñuul kukk.

**xandeer b-:** Mooy ban. Ndabal xandeer mooy jumtukaayu waañ bu ñu tabaxe ban.

**xar-sànni:** Yére bu nirook faaru-mbaam la, waaye gën koo gudd. Day dem ba ci diggu pooj.

**xas:** Mooy dige ne dinga def nàngam, dogoo ko kàddu gu mel ni ngiñ.

**xas /ne/:** Bare lool. *Dëkk baa ngi ne xas aki màngo.*

**xasab b-:** Mooy guddaayu loxo, diggante catu baaraamu digg ak conc.

**xatax b-:** Xeetu gattax la.

**xédd:** Xemmem nit la, xemmemtéef gu aju ci bëggum séy doŋŋ bu nit ki di am te du ci ànd ak sagoom.

**xerem /ne/:** Baña wax dara, ne cell.

**xinte:** Mooy **xënte** ba tey, ni ngay doxe ci yëf yi nga gëna fonk, di ci doxe pas-pas. Tekki na itam jëf ji ngay sololoe mbir yooyu.

**xof:** Mooy baña laal lenn, ndax sa mbañ lay doon.


**xóotey géej, xóote y-:** Béreb yu xóot yi géej taaje.

**xunt m-:** Pax la bu xóot ci biir aw doj wu réy mbaa ab tund, ba nit man cee dugg walla mu dëkk ca.

**yëddukat b-:** Rondkat lay doon, di seet aka wut lu mu nettali nit ci ku mu noonool.

**yoqi:** Mooy bàyyi, tàyyi.

# KartYii




Muccug bànni Israayil

